QUR'AN SUCI
JARWA JAWI

DALAH TAFSIRIPUN

Maulana Muhammad Ali

www.aaiil.org

The Holy Quran

Yasanipun	: Maulana Muhammad Ali
Ingkang Anjarwakaken	: R. Ng. H. Minhadjurrahman Djajasugita & M. Mufti Sharif
Design Layout	: Erwan Hamdani & Basharat Asghar Ali

Cetakan 2001

Darul Kutubil Islamiyah
Jl. Kesehatan IX No. 12 Jakarta Pusat 10160
Telp. 021-3844111

e-mail: redaksi.studiislam@gmail.com

Website:

Indonesia	Internasional
- www.aaiil.org/indonesia	- www.muslim.org
- www.studiislam.wordpress.com	- www.aaiil.org
- www.ahmadiyah.org	

اياتها ٧ (١) سُورَةُ الْفَاتِحَةِ مَكِّيَّةٌ ركوعها ١

JUZ I

SURAT 1

AL-FATIHAH

(*Pambuka*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*7 ayat*)

Pathinipun

1. Allah, Gustining sagung dumados, nuntun sagung dumados dhateng punjering kasampurnanipun. 2. Mahamurah saha Mahaasih-Ipun kapintonaken ing sadèrèngipun tuwin ing sasampunipun manusa andadosaken awakipun piyambak pantes nampèni kamirahan lan sih-wilasa wau. 3. Garapipun Pangéran dhateng manusa punika kados déné garapipun gusti dhateng abdinipun, milanipun angger-angger-Ipun wawales asifat muwung lan ngapunten. 4. Manusa gumantung dhateng panjenenganipun sarta Panjenenganipun kapareng amitulungi manusa. 5-7. Panyuwun supados tansah kareksa wonten ing margi ingkang leres utawi margi ingkang tengah-tengah sarta sampun ngantos nyimpang mangiwa utawi manengen.

Katerangan gerban

Surat *Fâtihah* utawi *Pambuka* punika gadhah nama sanèsipun malih. Kados déné ingkang kadhawuhaken wonten ing Quran piyambak (15: 87), surat Fatihah punika ugi kanamakaken *Sab'an mina-l-matsânî*, tegesipun: *ayat pitu kang tansah kawaca marambah-rambah*. Mila kanamakaken makaten, awit surat Fatihah ingkang isi 7 ayat punika, tansah kawaos marambah-rambah déning sadaya tiyang Islam nalika nindakaken sembahyang, apesipun ing sadinten sadalu ambal kaping 32. Surat Fatihah ugi kasebut *Fâtihatul-Kitâb*, tegesipun *Bubukaning Kitab*, kados déné ingkang kapangandikakaken ing dalem Hadits makaten: "Salat iku ora sampurna manawa ora nganggo maca *Fâtihatul-Kitâb*" (AD, Tr). Awit saking punika, mila ugi lajeng kasebut *Suratu-sh-Shalah*, tegesipun *Surating Sembahyang*, jalaran maos Fatihah makaten dados bakuning sadaya sembahyang, sami ugi sembahyang ingkang katindakaken kanthi sasarengan, punapa ingkang katindakaken kalayan piyambak. Surat Fatihah ugi kasebut *Surâtu-d-Du'â*, tegesipun *Surat Panyuwun*, awit sagemblenging surat punika isi panyuwun utawi donga dhateng Gusti Ingkang-Mahaagung, sarta jalaran sami-sami panyuwun, surat Fatihah punika boten namung kalebet unggul piyambak manawi katimbang kaliyan panyuwun ingkang kasebut ing Kitab Suci sanès-sanèsipun, nanging dalasan ing antawisipun donga ingkang kawarsitakaken ing dalem Quran donga ingkang kawengku wonten ing Surat Fatihah, punika ugi kagolong ingkang unggul piyambak. Surat Fatihah ugi kasebat *Ummu-l-Kitâb*, tegesipun *Baboning Kitab*, jalaran surat Fatihah punika isi sagemblenging Quran, kalayan ringkesan. Sawenèh namanipun sanès, kadosta: *Surat Pangalembana, Atur panyuwun, Tatales, Simpenan, Kang-anyakup ing sakabèhé, Kang-nyukupi, Kang-marasaké, Usada*.

Surat Al-Fatihah utawi *Fâtihatul-Kitâb*, punika isi 7 ayat, satunggal ruku' (jejer), sarta anggènipun kadhawuhaken wonten ing Makkah, awit sampun terang manawi Surat Fatihah ipun wahyu ingkang tumurun ing jaman wiwitan. Tuwan Muir, ingkang mérang-mérang sadaya wahyu ingkang tumurun wonten ing Makkah dados gangsal mangsa, anggolongaken Surat Fatihah punika wonten ing dalem mangsa ingkang kapisan; nanging anggèning piyambakipun anggolongaken Surat Fatihah, ing sadèrèngipun surat ingkang kaping 96 punika lepat, awit kathah sanget pasaksèn ingkang nedahaken, bilih surat 96 punika wahyu ingkang tumurun rumiyin piyambak. Saèstunipun pancèn boten saged namtokaken wekdalipun tuwin netepaken urutipun tumuruning surat-surat kanthi trep; éwadéné sampun

boten wonten semang-semangipun malih, bilih surat Fatihah punika mesthi kagolong wahyu ingkang tumurun rumiyin piyambak. Ing dalem Quran 15: 87 Surat Fatihah punika kanamakaken *Sab'an mina-l-matsani, ayat pitu kang kawaca marambah-rambah,* inggih punika namanipun Surat Fatihah ingkang misuwur, mangka surat 15 ingkang sampun terang tumurun nalika jaman Makkah, punika boten saged yèn ta kagolongaken dhateng èwonipun wahyu ingkang tumurun ing jaman Makkah ingkang akhir. Kajawi punika, sampun terang bilih *Fatihah* punika dados ubarampé ingkang baku tumrap wonten ing dalem sembahyangipun para Muslimin, wiwit nalika sembahyang dipun wajibaken kapisanan dhateng sadaya tiyang Muslimin. Ing mangka kathah sanget pasaksèn ingkang nedahaken, bilih punika kalampahanipun boten let dangu kaliyan anggènipun Kanjeng Nabi jumeneng dados utusan. Jalaran, sembahyang punika boten namung kasebut wonten ing dalem surat ingkang tumurunipun kagolong rumiyin kémawon, kadosta ing surat 73, nanging ugi wonten lalampahan sanès ingkang awawaton babad, ingkang nedahaken bilih sembahyang punika katindakaken déning para titiyang ingkang ngrasuk agami Islam jaman wiwitan. Pindhahipun Kanjeng Nabi dhateng griyanipun sahabat Arqam, punika gelar yekti ingkang adhadhasar babad, kalampahan akhir-akhiripun nalika taun ingkang kaping 4 sasampunipun Kanjeng Nabi jumeneng utusan. Déné pindhahipun wau, kapeksa déning anggènipun badhé nyingkiri panguya-uya ingkang kasandhang déning para titiyang Muslimin, sabab saking anggènipun sami nindakaken sembahyang wonten ing panggènan, ingkang gampil kataman ing pangaru-birunipun titiyang kafir. Dados cariyos lalampahanipun Sa'ad ingkang "kaliyan sagolonganipun titiyang mukmin singidan dhateng lèngkèhing redi ing sacelakipun Makkah perlu badhé nindakaken sembahyang," punapa déné anggènipun daredah kaliyan tangga-tepalihipun, kados déné ingkang dipun cariyosaken déning tuwan Muir, punika kénging kaanggep dados pupucuk anggènipun badhé ngungsi dhateng griyanipun sahabat Arqam perlu nyingkiri pangaru-biru wau.

Surat Fatihah punika dipun irah-irahi kaliyan ungel-ungelan: *Bismillâhi-r-Rahmâni-r-Rahîmi.* Ungel-ungelan punika ugi dados irah-irahanipun sadaya surat-surating Quran ingkang cacahipun 114, kajawi namung satunggal ingkang boten, inggih punika surat ingkang kaping 9. Nanging ugi wonten ungel-ungelan punika ingkang nyelip wonten ing tengah-tengahipun surat, inggih punika 27: 30. Dados kasebutaken ing dalem Quran jangkep 114 ambalan. Ungel-ungelan punika wonten ing kalanganipun para Muslimin kerep sanget dipun waos, ngantos ungel-ungelan wau dados ungel-ungelan wiwitan piyambak, ingkang dipun sinau déning laré-laré anakipun para Muslimin, saha ing saben dintenipun, saben-saben badhé tumandang ing damel, para Muslimin mesthi mawi maos bismillah wau langkung rumiyin.

Bismillâh punika dados sarinipun surat Fatihah, boten prabéda kados déné anggènipun surat Fatihah punika dados sarinipun Quran. Déné anggènipun para Muslimin tamtu mawi maos ungel-ungelan wau saben-saben badhé miwiti nindakaken padamelan ingkang wigatos, punika kanggé mratélakaken, bilih tangkepipun manahing manusa dhateng Allah Pangéraning ngalam sadaya, punika makaten kedahipun: ing sadaya prakawis wonten ing dalem gesangipun ing sadinten-dinten, manusa kedah tansah nyuwun pitulung dhateng Ingkang-Mahakawasa, inggih punika tuking sadaya kakiyatan. Dados pinanggihipun wonten ing dalem gesangipun manusa, kasawijènipun Pangéran punika tansah kacetha kanti cara ingkang boten wonten ingkang nyamèni wonten ing pundi kémawon ing dalem babading agami.

Sajakipun tumurunipun *Bismillâh* punika boten antawis dangu ing sasampuning tumurunipun wahyu ingkang sapisan, inggih punika wiwitanipun surat 96; jalaran *Bismillah* punika dados sapéranganipun surat-surat ing Quran ingkang katurunaken dhateng Kanjeng Nabi Suci, dalasan surat ingkang celak piyambak. Langkung-langkung suraosipun *Bismillah* punika wonten sasambetanipun ingkang rapet kaliyan lalampahan nalika tumurunipun wahyu ingkang sapisan, kados déné ingkang kapangandikaken déning Kanjeng Nabi Suci piyambak. Nalika wahyu ingkang sapisan wau katurunaken dhateng panjenenganipun, panjenenganipun wau nuju wonten ing guwa ingkang misuwuripun nama guwa *Hira'.* Wahyu wau dipun ampil déning malaikat, ingkang lajeng dhawuh dhateng Kanjeng Nabi supados *maos.* "Kula punika sanès tiyang ingkang saged maos," makaten wangsulanipun Kanjeng Nabi. Dhawuh lan atur wangsulan punika dipun ambali kaping tiga, wasana malaikat lajeng andhawuhaken: "Macaa kalawan asmaning Pangéranira Kang anitahaké, Panjenengané anitahaké manusa saka getih anjendhel; macaa lan Pangéranira iku Ingkang-Mahamulya" (Bkh). Kanjeng Nabi ingkang miturut bukti-bukti ingkang kénging pinitados sanget boten saged maos lan nyerat, lajeng saged maos kalayan pitulunganipun Pangéran. Lah makaten ugi sadaya tiyang Muslimin, dipun paringi piwulang, supados saben badhé tumandang ing damel mawi nyunyuwun pitulunganipun

Gusti Allah, Ingkang-Mahamirah, Ingkang-Mahaasih. Dados terang manawi tumurunipun *Bismillah* punika boten let dangu ing sasampuning tumurunipun wahyu ingkang sapisan.

Kajawi tembung *Allah,* ingkang ing basa Arab dados tembung aran asmanipun Pangéran, ing dalem *Bismillah* wau ugi nyebutaken asma sifat kakalih ingkang enggel, inggih punika: *Ar-Rahmân* lan *Ar-Rahîm. Ar-Rahmân* tegesipun: Pangéran Ingkang-Mahamirah, Ingkang nglubèraken katresnan-Ipun dhateng sagung titah-Ipun, sarana nyedhiyani sadaya kabetahanipun ing sadèrèngipun sami katitahaken. *Ar-Rahîm* tegesipun: Pangéran Ingkang-Mahaasih, Ingkang sarwa welas-asih pangrengkuhipun dhateng kawula-Nipun, sarana maringi woh dhateng pandamelipun kawula ingkang boten sapintena punika. Dados kajawi maringi wasita, bilih manusa punika tansah gumantung dhateng Ingkang-Nitahaken, *Bismillah* punika ugi aparing wasita ing bab Kasawijènipun Pangéran sarana mawi tembung Allah, awit tembung wau boten naté kanggé namakaken sesembahan sanèsipun déning tiyang Arab. Makaten ugi anggènipun ngagem tembung *Ar-Rahmân* lan *Ar-Rahîm,* punika mengku karsa paring wasita, sapinten genging katresnan miwah sih-wilasa-Nipun ingkang agung saha tanpa wates dhateng titah-Ipun. Lumèbèring katresnan-Ipun ingkang agung atanpa wates wau, Panjenenganipun boten mawi mundhut lilintu, kados déné piwulang agami Nasrani ing bab panebusing dosa punika. Makaten ugi sih-wilasa-Nipun sakalangkung agung, ngantos Panjenenganipun kapareng maringi woh ingkang atanpa wates kathahipun dhateng pandamelipun manusa ingkang boten misra. Awit saking punika paparing-Ipun karahayon inggih langgeng, boten kok namung ing sawatawis wekdal, kados déné piwulangipun agami Wédha.

Pamanggihipun tuwan Rodwell ingkang mastani, bilih ungel-ungelan *Bismillah* kados ingkang wonten ing dalem Quran, ing sakawitipun kawarahaken déning juru-kidung Umayyah ing Thaif dhateng tiyang Qurasy, punika semunipun tuwuh saking kalèntuning panampi. Jalaran wonten tandha-yekti ingkang boten kénging pinaiben malih, ingkang nedahaken, bilih titiyang Quraisy punika tétéla manawi boten sami sumerep Asmanipun Pangéran *Ar-Rahmân* sarta ngaken manawi boten sami tepang kaliyan asma *Ar-Rahîm* wau (25: 60). Kajawi punika tiyang Quraisy piyambak boten purun nganggé rarangkèn *Bismillah* kados déné ingkang kawulangaken déning Kanjeng Nabi punika. Tandhanipun, ngantos nalika taun Hijrah ingkang kaping 6, inggih punika nalika tiyang Muslimin damel prajanjian bedhami kaliyan tiyang Quraisy, Suhail Bin Amr, wawakilipun tiyang Quraisy, boten purun ngirah-irahi serat prajanjian bedamén wau kalayan *Bismillâhi-r-Rahmânir-Rahîmi.* Wicantenipun: “Aku ora ngerti ngéné iki,” awit saking punika, mila serat prajanjian bedhamèn wau lajeng dipun irah-irahi: *Bismika Allâhumma,* inggih punika rarangkèning ukara adangiyah ingkang limrah dipun anggé déning titiyang Quraisy (Tb).

Manawi sawenèhing bangsa ugi sami gadhah rarangkèning tembung bangsanipun ingkang kados makaten wau kanggé ngirah-irahi serat-seratipun, punika kula boten maiben. Ananging, wontenipun ungel-ungelan ingkang kanggé ngirah-irahi serat-seratipun ing antawisipun golongan sanès, kadosta golongan Yahudi, golongan Sabi’i, golongan pandhèrèkipun Zoroaster, punika boten teka lajeng nedahaken, manawi Kanjeng Nabi mendheti wulangan saking ngrika-ngrika. Ingkang nama éndah saèstu, punika wonten ing pamilihing tetembungan. Jalaran, jatos-jatosing wasitanipun agami Islam punika badhé nyampurnakaken agami, sarta kasampurnan punika katerangaken wonten ing iketaning ukara *Bismillah*, inggih ingkang dados wiwitaning tembung ing bubukaning wasita wau. Agami Islam boten naté ngaken-aken bilih sadaya piwulangipun punika dèrèng naté kawulangaken ing sadèrèng-dèrèngipun. Kosokwangsulipun, agami Islam ngaken manawi badhé nucèni lan nyampurnakaken agami ing kina-kina (5: 3). Tembung *Bakhsyaishgar* lan tembung *Dâdâr,* ingkang ateges: “*Ingkang-Mahangapura*” lan “*Ingkang-Mahaadil*,” boten saged nyamèni kaéndahanipun sifat kakalih: tresna (Mahamirah) tuwin sih-wilasa kados déné ingkang kawengku wonten ing tembung *Ar-Rahmân* lan *Ar-Rahîm*. Sifat kakalih, tresna lan sih-wilasa, kagem nyifati Pangéran, tur dados sifat ingkang enggel, punika saèstu sampun cekap kanggé ngleresaken kalèntunipun para titiyang ingkang remen nacad agami Islam, inggih punika ingkang sami maoni, bilih Allahipun agami Islam punika Allah ingkang ambeg wengis tuwin ambeg siya.

Surat *Fâtihah* punika donga ingkang sakalangkung wigatos sanget, inggih margi saking surat Fatihah wau dados rukun ingkang baku piyambak ing salebeting nindakaken sawarnining sembahyang, sami ugi punapa katindakaken kalayan sasarengan punapa katindakaken piyambak. *Ayatipun pipitu ingkang tansah kawaos wongsal-wangsul,* punika dados donga panyuwun pitedah tumrap sok tiyanga Muslim, apesipun 32 ambalan ing sadinten-dintenipun. Awit saking punika tumrapipun tiyang Islam, surat Fatihah punika langkung wigatos sanget katimbang kaliyan donga “Rama Kawula” tumrapipun

tiyang Nasrani. Lan inggih ugi wonten malih bédanipun. Donga “Rama Kawula,” punika asuraos nyuwun rawuhipun Kratoning Allah. Wangsul tiyang Muslim: nyuwun panggènan ingkang leres wonten ing kraton wau, ingkang sajatosipun kraton wau sampun rawuh. Cetha manawi punika dados isarah ingkang nyasmitani, bilih rawuhipun Kanjeng Nabi Suci punika jatos-jatosing rawuhipun Kratoning Allah, ingkang badhé rawuhipun sampun kawedharaken déning Kanjeng Nabi ‘Isa dhateng pandhèrèkipun (Markus 1: 15). Dados donga wau donga ingkang kawulangaken dhateng tiyang Muslim supados katindakaken, milanipun sarana katrangan punika, lajeng sampun boten wonten leresipun malih ingkang amastani, bilih ungel-ungelan ingkang wonten ing surat Fatihah wau boten laras kaliyan panganggep bilih Kitab Quran punika nyata wijiling pangandikanipun Gusti Allah pribadi. Ayat donga sanès-sanèsipun ingkang kamot ing dalem Quran, inggih kados makaten kawantonanipun sarta boten mawi dipun bukani kaliyan tembung: “ngucapa” utawi tembung sanèsipun ingkang nunggil suraos. Minangka conto cobi kacocogna kaliyan donga ingkang kasebut ing ayat ingkang wekasan ing surat 2, lan ugi donga ingkang kasebut ing 3: 7, 8 lan 3: 190-193 tuwin sanès-sanèsipun malih. Donga utawi panyuwun, punika mesthinipun inggih kanggé tiyang ingkang andodonga utawi tiyang ingkang nyunyuwun. Mila inggih boten perlu ndadak mawi dipun bukani dhawuh, ingkang suraos andhawuhaken dhumateng manusa, supados andodonga mawi donga ingkang kadhawuhaken wau.

Sawenèhipun tukang-nyukarta mastani, bilih donga ingkang kados makaten wau namung pantes dipun anggé déning tiyang ingkang wuta cala-ina lan tiyang dosa, ingkang mek-mekan ngupados margi wonten ing salebeting pepeteng. Makaten punika pamanggih ingkang lepat. Donga ingkang adiluhung punika esokipun raosing manahipun jiwa ingkang suci, supados kareksa tansah dumunung wonten ing margi ingkang leres, punapa déné kalisa ing sambékala. Donga ingkang kamot ing surat Fatihah, punika sakalangkung adiluhung, ngungkuli sarupining donga ingkang maujud wonten agami punapa kémawon, malah sami-sami donga ingkang kasebut ing Quran, kalebet ingkang unggul piyambak. Dalasan para tukang-nyényédha Kitab Quran ingkang jadhug-jadhug, ugi kapeksa sami ngalembana, sarta wedaling pangalembana wau margi saking “kapranan déning rohipun.”

Sagemblenging surat punika isi 7 ayat. Tigang ayat ingkang wiwitan, nerangaken sifating Pangéran ingkang enggel-enggel, inggih punika: agunging paparing-Ipun rejeki, kamirahan-Ipun, sih-wilasa-Nipun tuwin piwales-Ipun, dados ateges medharaken kaluhuran tuwin pinujinipun Pangéran. Déné tigang ayat ingkang wekasan, asuraos medharaken wonten ing ngarsaning Pangéran Ingkang-Nitahaken, gandrungipun jiwaning manusa kepéngin lumampah wonten ing katulusan ingkang kalayan trep, boten keplèsèd mangiwa lan manengen. Déné margi ingkang tengah-tengah, punika nerangaken bilih manusa punika tansah gumantung ing Allah. Sifat-sifat ingkang kasebutaken wau, punika sifat-sifatipun Pangéran ingkang medharaken mahamirah-Ipun ingkang anglimputi, pangitik-itik-Ipun, punapa déné katresnan-Ipun dhateng sadaya titah-Ipun. Déné gagayuhan ingkang kadhawuhaken supados dados gagayuhanipun jiwa wau, punika inggil-inggiling gagayuhan ingkang saged ginayuh ing tiyang, inggih punika margining katulusan, margining nugraha lan margi ingkang sepen ing sambékala. Pamanggih ingkang rupek, ingkang mastani bilih Gusti Allah punika namung dados Pangéranipun satunggaling bangsa utawi umat ingkang tartamtu, lebur déning katrangan: bilih paparing-Ipun lan katresnan-Ipun punika sami kémawon anggènipun kalubèraken dhateng sadaya manusa, malah dhateng sadaya titah ingkang maujud ing sadaya ngalam. Makaten ugi pangertosan pangitik-itik lan katresnan kados déné pangitik-itik lan katresnanipun tiyang sepuh, kados déné ingkang kawengku ing tembung *Sang Rama,* punika lajeng atanpa teges manawi katandhing kaliyan kamirahan tuwin katresnanipun *Rabbipun* sadaya ingkang kumelip, inggih punika Ingkang nyedhiyani lan mranata kabetahanipun sagung titah, tedhanipun, lan kasampurnanipun titah wiwit sadèrèngipun katitahaken pisan. Malihipun, donga ing surat Fatihah wau medharaken gagayuhan jiwa ingkang adiluhung, inggih punika: kepéngin anggayuh kaluhuran ruhani ingkang atanpa wates, ingkang sampun boten dipun jajaruhi malih déning sarupining pamanahan dhateng kabetahan badan wadhag, kadosta: nyuwun “rejeki kawula ing dinten punika,” malah ugi ingkang sampun boten dipun jajaruhi malih déning pamanahan nyuwun pangampuntening dosa tuwin nyuwun kalis saking salwiring pituna, awit gagayuhanipun jiwa wau badhé anggayuh dhateng panggènan, ingkang ing ngriku sampun boten wonten kalepatan lan pituna malih. Surat Fatihah mulang dhateng pun jiwa, supados anggadhahi gagayuhan badhé anggayuh kaluhuran ruhani ingkang adiluhung, inggih punika drajat ingkang sampun kagayuh déning para titiyang ingkang sampun kaparingan nugraha, para nabi, para shidiqin (para tiyang temen), para syuhada’ (para babanten) lan para shalihin (para tiyang tulus) (4: 69). Surat Fatihah maringi ancer-ancer ingkang nuju dhateng punjer ingkang luhur punika, inggih punika punjering nugrahanipun Pangéran,

ingkang ing ngriku sampun boten wonten malih barang ingkang boten ngremenaken lan lepat inggih sampun boten wonten malih. Nadyan donga “Rama kawula ingkang wonten suwarga” punika inggih wonten éndahipun, meksa atanpa teges mawi katandhing kaliyan kaluhuranipun surat Fatihah ingkang anyrambahi lan angédab-édabi punika. Saèstu badhé atanpa gina, manawi tiyang badhé madosaken tandhing ingkang ngèmperi suraosipun surat Fatihah ingkang adiluhung punika wonten ing Kitab sanès-sanèsipun.

Langkung-langkung, sifatipun Pangéran sakawan ingkang kasebut ing surat Fatihah ngriki, punika dados pambantahipun pangertosan lepat ingkang dados bakuning sawenèh agami ingkang kalebet ageng ing donya punika. Upaminipun asma *Rabb,* ingkang ateges Pangéran ingkang paparing, punika mengku suraos bilih sagung dumados punika, tumitahipun kadamel supados ing tembé wingkingipun saged anggayuh ing kasampurnanipun manut kadar kuwaosipun piyambak-piyambak. Ingkang makaten punika saged nedahaken lepatipun pangandel ing bab “dhumawahipun Adam ing dosa,” inggih punika pangandel ingkang mastani, bilih manusa punika asal mulanipun dumunung ing kawontenan ingkang sampurna, lajeng keplorod mangandhap. Nyipati Allah *Pangéraning ngalam sadaya*, punika ateges ngrebahaken sawarnining panganggep ingkang rupek ing bab paparingipun Pangéran nugraha ruhani, saha panganggep ingkang mastani, bilih paparingipun nugraha ruhani punika winatesan namung dhateng sawenèhing nagari, sawenèhing bangsa utawi ing wekdal ingkang tartamtu. Dados nerangaken: bilih paparing-Ipun ingkang ageng piyambak, inggih punika paparingipun Wahyu Ilahi, punika boten winatesan namung kaparingakenn dhateng sawenèhing nagari, dhateng sawenèhing bangsa lan namung sawenèhing jaman kémawon. Sifat Mahatresna saha Mahamirahipun Pangéran, kados déné ingkang kamot ing *Ar-Rahmân* punika nglepataken pangandel bab panebusing dosa lan pangandel Allah puputra, jalaran sifat wau mengku suraos, bilih paparingipun Pangéran nugraha dhateng para manusa, punika anggènipun kaparingaken boten mawi mundhut wawales utawi pupulih dhateng para manusa. Awit *Ar-Rahmân* makaten tegesipun Pangéran Mahamirah ingkang paparingipun nugraha dhateng manusa ingkang sakalangkung déning kathah punika, tanpa kasrananan ing pandamelipun manusa ingkang murugaken ngangsalaken paparing wau sadaya. Déné sifat Mahaasih kados déné ingkang kawengku ing *Ar-Rahîm,* nedahaken lepatipun piwulang Wéda, ingkang mulangaken bilih Pangéran boten kuwaos paring ganjaran ingkang matikel-tikel tur tanpa wates dhateng pandamelipun manusa ingkang winates, ingkang inggih margi saking punika karahayon ingkang dados pandumanipun manusa, inggih namung kanggé ing sawatawis wekdal, sanajan pikantukipun karahayon wau sampun mawi nglangkungi ngalaming gesang ingkang marambah-rambah punapa. Jalaran *Ar-Rahîm* punika ateges Pangéran Mahaasih-wilasa, inggih punika Dhat ingkang maringi ganjaran tikel-matikel tanpa wates. Sifat ingkang kantun piyambak, inggih punika: *Gustining dinten wawales,* punika anduwa piwulang ingkang maiben bilih Pangéran punika asifat agung pangampuntenipun. Ingkang enggel piyambak, inggih punika i’tikad tumimbal lair. Awit *Mâlik* makaten sanès kok ratu utawi pradata, ingkang kawajibanipun angembat trajuning pangadilan kalayan jejeg ing antawisipun lalawanan kalih. Nanging Panjenenganipun punika Gusti, dados para titiyang ingkang dosa punika inggih titah-Ipun. Awit saking punika, Panjenenganipun kuwaos nglebur dosa, tur boten kénging winastan boten adil utawi pilih asih.

Sampun kula terangaken ugi, bilih surat Fatihah ingkang isi 7 ayat punika mengku sadaya ingkang kasebut ing dalem Quran. Inggih awit saking punika mila ing Quran 15: 87, kados déné ingkang sampun kasebutaken ing ngajeng, kapangandikakaken surat Fatihah punika *Quran kang agung* (Bkh). Pancèn inggih makaten saèstu, Kanjeng Nabi Suci piyambak namakaken surat Fatihah wau *Ummu-l-Quran* (Baboning Quran) (Bkh). Jalaran Quran punika Kitab ingkang ngundhangaken kaluhuranipun Pangéran lan mulangaken margi ingkang leres dhateng manusa, mangka piwulang kalih bab punika sampun kawengku wonten ing suraosipun surat Fatihah. Tatalesing iman, sifatipun Pangéran ingkang enggel piyambak, inggih ingkang dados tatalesing sadaya sifat-sifat, punapa déné kados pundi kedahipun sasambetanipun manusa kaliyan Ingkang-Nitahaken, sadaya punika sampun kacakup pathinipun wonten ing ayat pitu ingkang cekak ing dalem surat Fatihah ingkang adiluhung punika. Kasampurnanipun malih, saged kacetha saking anggènipun surat Fatihah wau kawiwitan kalayan pangertosan ing bab Kapangérananipun Gusti Allah (ing ngriki pancèn dipun jarag mawi tembung Pangéran, boten mawi tembung sang Rama), lan pasadhèrèkanipun para manusa, malah-malah manunggilipun sadaya titah, jalaran manunggilipun titah punika boten kénging boten mesthi tutwingking kaliyan Kasawijènipun Ingkang-Nitahaken.

Kalayan[1] asmaning Allah,[2] Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.[3]

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

1 (Sadaya)[4] pangalembana punika kagunganipun Allah, Pangéraning[5] sadaya ngalam.[6]

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝١

2 Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝٢

3 Gustining[7] dinten[8] wawales.

مٰلِكِ يَوْمِ الدِّيْنِ ۝٣

4 Ing Tuwan pangabdi kawula saha ing Tuwan panyuwun kawula pitulung.

اِيَّاكَ نَعْبُدُ وَاِيَّاكَ نَسْتَعِيْنُ ۝٤

5 Mugi Tuwan anuntun kawula ing margi ingkang leres.

اِهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيْمَ ۝٥

6 Marginipun para tiyang ingkang sampun Tuwan paringi nugraha.[9]

صِرَاطَ الَّذِيْنَ اَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ

7 Sanès (marginipun) para ingkang kadhawahan bendu saha sanès (marginipun) para ingkang sami sasar.[10]

غَيْرِ الْمَغْضُوْبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّاۤلِّيْنَ ۝٧

1. Paduka Maulana Muhammad Ali anggènipun anjarwani tembung sasana *ba* ing ngriki, manut kalimrahanipun jarwan ing basa Inggris, inggih punika: *in*, ingkang manawi dipun jawèkaken ateges: *atas namané*. Nanging panjenenganipun ugi memèngeti para maosipun, bilih raosipun tembung sasana *ba* ing basa Arab, punika béda kaliyan tembung sasana *in* ing basa Inggris, kados déné ing ukara *in the name of God*; awit *in* ing basa Inggris punika mengku teges: *marga saka* utawi *atas namané,* nanging manawi *ba* ing basa Arab, mengku teges *asarana* utawi *lumantar,* utawi ingkang langkung cèples malih: *kalawan pitulungé.* Dados menggah ing sajatos-jatosipun ukara wau suraosipun sami kaliyan ukara: *kawula nyuwun pitulungipun Allah, Ingkang-Mahamirah, Ingkang-Mahaasih* (AH).

2. Tembung *Allâh,* miturut pamanggih ing babagan punika ingkang leres piyambak, punika tembung aran kanggé nyebut *Dhat Ingkang wontenipun saking karsa-Nipun pribadi, mengku sawarnining sifat sampurna* (TA-LL). Ater-ater *al* punika boten kénging pinisah saking tembung *Allâh* wau, awit punika sanès susulan (Msb-LL). *Al-ilah* punika tembung sanès, sarta boten wonten titikanipun punapa-punapa, ingkang nelakaken bilih tembung Allah punika tembung camboran *Al-ilah.* Tembung *Allâh* punika boten naté kanggé namakaken barang sanèsipun kajawi Pangéran ingkang sajati, sarta mengku sadaya asma'u-l-husna (asma ingkang linuhung) (TA-LL). Bangsa Arab boten naté namakaken satunggal kémawon ing antawisipun brahalanipun ingkang kathah punika kalayan tembung Allah. Awit saking punika, ing rèhning punika tembung aran asmanipun Pangéran, lan boten wonten saminipun ing basa sanès, milanipun ing ngriki kula lastantunaken kémawon nganggé tembungipun ingkang asli.

3-10. *Mirsanana kaca candhakipun.*

3. *Ar-Rahmân* lan *Ar-Rahîm* punika sami saking lingga *rahmah*, ingkang ateges *kaalusaning budi ingkang mahanani lumèbèring kasaénan (kamirahan)* (Rgh), dados inggih mengku suraos *sru-tresna* lan *asih. Ar-Rahmân* lan *Ar-Rahîm* punika sami déné tanduk kriya wacaka, namung béda wazan utawi rimbagipun kémawon, nanging sami anggènipun nedahaken teges ingkang dipun sangetaken. *Ar-Rahmân,* miturut rimbag *fa'lan*, nedahaken sifat asih ingkang sanget, déné *Ar-Rahîm,* miturut rimbag *fa'il,* mengku suraos sifat asih ingkang marambah-rambah tansah kapintonaken (AH). Kanjeng Nabi Suci piyambak naté nerangaken tembung kakalih punika, tuwin sanajan tembungipun béda, pantoging panyuraos, sami kémawon tegesipun kaliyan teges ingkang manut panglimbanging kawruh nahwu (paramasastra). Dipun riwayataken Kanjeng Nabi ngandika makaten: "*Ar-Rahmân* iku Allah Kang-Mahamirah kang tresna lan asih-É kapintonaké nalika nitahaké jagad iki, déné *Ar-Rahîm* iku Allah Kang-Mahaasih kang tresna lan welas-asih-É bakal dipintonake bésuk ing dina akhir" (AH) inggih punika tumrap wonten ing wohing pandamelipun manusa. Dados sifat asih kados déné ingkang kawengku ing *Ar-Rahmân*, punika sampun kapintonaken wiwit duk nalika manusa dèrèng katitahaken, inggih punika wonten ing tumitahipun sadaya samukawis ingkang dipun betahaken déning gesangipun manusa ing donya ngriki, tur sadaya wau sanès saking ikhtiyaripun manusa piyambak. Déné sifat asih kados déné ingkang kawengku ing *Ar-Rahîm*, punika kapintonaken sasampunipun manusa nindakaken punapa-punapa ingkang saged anjalari pikantuk sadaya wau. Dados sifat *Ar-Rahmân* wau nedahaken sifat tresna lan mahamirah ingkang sakalangkung ageng, déné *Ar-Rahîm* nedahaken sifat sih-wilasa ingkang atanpa wates tur tansah kalubèraken kalayan lumintu atanpa kendhat. Para ahli basa sami sarujuk anggadhahi pamanggih, bilih sifat *Ar-Rahmân* punika lumèbèripun anyrambahi dhateng tiyang mukmin lan dhateng tiyang kafir, déné *Ar-Rahîm* namung tartamtu dhateng tiyang mukmin (LL, Rgh, LA, TA). Awit saking punika mila tembung *Ar-Rahmân* wau kula tegesi Pangéran Ingkang-Mahamirah, awit teges wau ingkang langkung nyrambahi anggènipun mengku raos nglubèraken lan damel kasaénan. Éwadéné kula inggih ngakeni, ing basa Jawi boten wonten tembung ingkang sami tegesipun kaliyan tembung *Ar-Rahmân* wau, dalasan tembung ingkang ngèmper-èmperi ngemu suraos tresna lan kasaénan kados déné ingkang kawengku ing tembung *Ar-Rahmân* wau, inggih meksa boten wonten.

Perlu dipun pèngeti, bilih *Ar-Rahmân* punika sanajan sifat, nanging kados tembung aran sarta namung kagem Pangéran piyambak. Malah tembung wau panganggénipun lira-liru kaliyan tembung Allah, kadi déné ingkang kacetha ing 17: 110. Mila *Ar-Rahmân* punika boten saged dipun anggé nembungaken sifat asihipun manusa, nanging manawi *Ar-Rahîm* saged. Para ahli basa nyebutaken, wonten kawontenan satunggal ingkang nylenèh, inggih punika Musailamah Tukang-doracara, punika dipun juluki déning pandhèrèkipun: *Rahmân ing Yamamah.* Nanging ngetrapaken tembung aran ingkang kados makaten punika pancèn dipun anggep kéngang-kénging kémawon. Rèhning tembung *Rahmân* ingkang dados asmanipun Pangéran punika tétéla dèrèng naté dipun mangertosi déning titiyang Arab (25: 60), pramila saged ugi anggènipun pandhèrèkipun pun Tukang-doracara anjuluki piyambakipun makaten wau, namung mengku sedya nyanyamah dhateng titiyang Muslimin.

4. *Al* wonten ing tembung *al-hamdu* punika kanggé *istigrâqu-l-jinsi,* tegesipun: mengku sadaya jinis (AH), terangipun: anedahaken bilih sawarnining pangalembana kalebet wonten ing ngriku.

5. Tembung Arab *Rabb* punika boten namung mengku suraos *ngitik-itik, anggulawenthah utawi ngupakara* kémawon, nanging ugi ateges mranata, nyampurnakaken lan anjangkepi (TA, LL) mindhak majenging sadaya samukawis, wiwit nalika wonten ing kawontenan babakal, ngantos dumugi inggil-inggiling kasampurnanipun. Miturut Rgh, *Rabb* ateges: *anggulawènthah satunggaling barang nglang-kungi santun-sumantuning tataraning kawontenan, ngantos dumugi pantoging kasampurnanipun.* Milanipun *Rabb* punika lajeng ateges: Ingkang ngawontenaken sadaya ingkang maujud, inggih punika Ingkang nyudhiyani sadaya kabetahanipun sadaya titah, lan ingkang namtokaken langkung rumiyin tumrap satunggal-tunggaling titah, kasantikan manut kadar watesipun piyambak-piyambak, saha Ingkang nyudhiyakaken sarana wonten ing dalem kadar watesipun wau, murih satunggal-tunggaling titah wau saged lastantun nglajengaken kamajenganipun, ingkang ing wasananipun saged anggayuh pantoging kasampurnanipun. Dados ing ngriki saged kacetha bilih tembung *Rabb* – ingkang jalaran dèrèng manggih tembung sanèsipun ingkang langkung prayogi, lajeng kula tegesi kémawon: *Pangéran* – punika mengku suraos ingkang langkung luhur lan langkung wiyar tinimbang tembung *ab*, ingkang ateges *rama,* awit manawi dipun timbang tembung *ab* utawi rama punika namung anggadhahi teges ingkang winates sanget. Awit saking punika mila wonten ing donganipun tiyang Muslim, manawi nyebut Pangéran, nganggé tembung *Rabb* utawi *Pangéran,* boten *ab* ingkang ateges *rama.*

6. Tembung ingkang dipun tegesi *sadaya ngalam* punika tembung: ‘*âlamîna,* inggih punika jama’-(*meervoud*)-ipun tembung ‘*alam* (saking lingga ‘ilm, tegesipun weruh), wantahipun ateges: *sarana ingkang anjalari tiyang saged nyumerepi satunggaling barang.* Mila tembung wau lajeng ateges *ngalam* utawi *titah,* jalaran asarana punika Ingkang-Nitahaken saged kasumerepan. Kalayan mengku teges ingkang winates, tembung wau ugi dipun anggé kanggé nembungaken *sagolongan* utawi *sapéranganing titah* utawi *manusa* (LL). Awit saking punika ing 2: 47 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun malih, tembung ‘*âlamîna* punika ugi dipun jarwani *sakèhing bangsa.* Kapangérananipun Allah ingkang anglimputi, kapacak wonten ing wiwitaning dhawuh ing dalem Quran, punika mathis sanget kaliyan sifatipun agami Islam anggènipun kanggé saindhenging jagad, inggih punika ingkang andhawuhaken ngakeni ing kayektènipun nabi-nabinipun sadaya bangsa. Dados ingkang makaten wau ateges nyirnakaken sadaya paham agami lan paham Kapangéranan ingkang rupek-rupek.

7. Limrahipun tembung: *Mâlik* punika wonten ing basa Jawi dipun tegesi: *Ratu.* Nanging punika kirang leres. *Mâlik* lan *malik* punika tembung kalih ingkang béda sanajan nunggil asal. *Mâlik* tegesipun: *Gusti* utawi *Ingkang-kagungan,* nanging *malik* tegesipun: *ratu.* Miturut kawruh sharaf (kawruh patokan pangrimbag ing tembung ing basa Arab), wewahan aksara (kados déné aksara *alif* ing tembung *Mâlik*), punika mahanani tembung wau lajeng gadhah teges ingkang dipun sangetaken (AH), dados *Gusti* utawi *Ingkang-kagungan,* punika langkung katimbang *ratu.* Déné mila tembung *Mâlik* utawi *Gusti* ingkang dipun agem, punika kanggé anedahaken, bilih Gusti Allah punika boten kénging winastan lepat margi boten adil, manawi Panjenenganipun ngapunten kawula-Nipun, jalaran Panjenenganipun punika boten namung ratu kémawon lan boten namung pradata kémawon, nanging sajatosipun Panjenenganipun wau malah *Gusti Ingkang-kagungan.*

8. Wonten ing dalem Quran, tembung *yaum* punika kanggé anembungaken sadéngah wekdal, wiwit wekdal ingkang sakedhap sanget (55: 29), dumugi sèket èwu taun (70: 4), mila inggih saged mengku teges wekdal ingkang sakedhap boten winates utawi wekdal ingkang dangu tanpa wangenan. Miturut LL: *Yaum punika wekdal sami ugi raina utawi dalu* (Msb); *wekdal lugu, dalu utawi sanès dalu, sakedhap utawi boten sakedhap;* ugi ateges dinten, terangipun: wekdal wiwit mlethèkipun surya dumugi serapipun. Miuturut Rgh tembung *yaum* ateges: *wekdal, inggih wekdal punapa kémawon.* Punika teges ingkang mathuk piyambak. Rèhning ing dalem Quran kathah sanget ingkang nélakaken, bilih angger-angger piwalesing Pangéran punika tansah tumindak ing sadhéngah wekdal, sarta ing rèhning boten wonten dhawuh ingkang ngiyataken pamanggih, bilih angger-angger wau boten badhé tumindak rumiyin ing sadèrèngipun dumugi wahyaning dinten ingkang katamtokaken, mila angger-angger wawales ingkang kasebut ing ayat punika, mesthi inggih angger-angger ingkang tansah tumindak ing sadhéngah wanci.

9. Para titiyang ingkang sampun kaparingan nugraha, punika miturut I’Ab titiyang sakawan golongan ingkang kasebut ing 4: 69, inggih punika para nabi, para tiyang temen, para susatya (para babanten) lan para tiyang tulus (AH). Punika anedahaken, bilih manawi miturut Quran Suci, nugraha ingkang kaparingaken dhateng para andika nabi, sawenèhipun ingkang baku piyambak inggih punika paparingipun Pangéran Wahyu Ilahi, punika taksih lastantun saged dipun paringaken dhateng para titiyang tulus ingkang anut ing margi ingkang leres.

10. Dipun riwayataken Kanjeng Nabi naté ngandika makaten: “Wong kang padha dibendoni iku wong Yahudi lan wong kang padha kasasar iku wong Nasrani” (AH). Saèstunipun dhawuh hadits punika namung minangka katrangan kémawon, sarta boten matesi tegesing tembung ingkang asli, ingkang kagem wonten ing dhawuh ngriki. Karsanipun Kanjeng Nabi, namung badhé damel mangertosipun tiyang Arab, bab kawontenanipun umat kakalih ingkang sampun sami dipun sumerepi, inggih punika anggènipun kala-kala sok nyimpang saking margi ingkang leres utawi margi ingkang tengah-tengah, kaladuk condhongipun dhateng sisih ngrika utawi sisih ngriki; kadosta tiyang Yahudi angemohi Kanjeng Nabi ‘Isa, abdinipun Pangéran ingkang tulus, malah mastani bilih panjenenganipun punika tukang dora-cara; kosokwangsulipun titiyang Nasrani sami kemrikanen sarta nyengkakaken ing ngaluhur Kanjeng Nabi ‘Isa, ngantos dumugi pangkat Kapangéranan. Agami Islam mulangaken: margi ingkang tengah-tengah ingkang kedah dipun enut, sampun ngantos tumiyung dhateng gegethingan lan sampun ngantos kaladuk ing tresna, jalaran ingkang sapisan wau saged anjalari kataman ing bebenduning Pangéran kados déné kawontenanipun titiyang Yahudi, déné ingkang angka kalih saged nasaraken tiyang kados déné kawontenanipun tiyang Nasrani.

اياتها ٢٨٦ (٢) سُورَةُ الْبَقَرَةِ مَدَنِيَّةٌ ركوعاتها ٤٠

SURAT 2

AL-BAQARAH

(*Lembu*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*40 ruku'*, *286 ayat*)

Pathinipun:

Ruku'	1.	Tatales ingkang minangka dhadhasaring Islam.
Ruku'	2.	Lalamisan.
Ruku'	3.	Mahatunggalipun Pangéran.
Ruku'	4.	Jembaring kasantikanipun manusa.
Ruku'	5.	Weca-weca Israil kanyataan ing dalem Quran.
Ruku'	6, 7.	Nugrahanipun Pangéran dhateng tiyang turun Israil sarta bab ambegugukipun para titiyang Israil wau.
Ruku'	8.	Risaking kalakuanipun tiyang turun Israil.
Ruku'	9.	Saya sami pugal manahipun.
Ruku'	10.	Prajanjianipun sarta anggènipun sami nyidrani.
Ruku'	11.	Sami ngemohi Kanjeng Nabi.
Ruku'	12.	Anggènipun mengsahi Kanjeng Nabi.
Ruku'	13.	Kitab ingkang rumiyin-rumiyin dipun suwak.
Ruku'	14.	Tuntunan sampurna namung wonten ing Islam.
Ruku'	15.	Prajanjian Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku'	16.	Agaminipun Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku'	17.	Ka'bah minangka punjer.
Ruku'	18.	Nalar-nalaripun déné ka'bah dipun dadosaken punjeripun titiyang Muslimin.
Ruku'	19.	Cobi ageng punika perlu kanggé anetepaken punjer punika.
Ruku'	20.	Kasawijèn punika wekasanipun mesthi unggul.
Ruku'	21.	Angger-angger kina kaéwahan sawatawis: tetedhan awisan.
Ruku'	22.	Wawales sarta wasiyat.
Ruku'	23.	Siyam.
Ruku'	24.	Perang panangulang.
Ruku'	25.	Jiyarah haji sarta para tiyang ingkang adamel risak.
Ruku'	26.	Cobi sarta kasusahan ageng.
Ruku'	27.	Pitakènan warni-warni.
Ruku'	28, 29.	Pegat.
Ruku'	30.	Lakinipun malih èstri ingkang kapegat tuwin randha.
Ruku'	31.	Wewahan papancèn tumrap para èstri ingkang kapegat tuwin randha
Ruku'	32, 33.	Kedahipun perang punika karana yakti: gagambaran saking babad Yahudi.
Ruku'	34.	Peksan ing salebeting agami punika dipun awisi.
Ruku'	35.	Umat ingkang pejah, kados pundi anggènipun anggesangaken.
Ruku'	36, 37.	Angedalaken arta karana yakti.
Ruku'	38.	Riba' punika dipun awisi.
Ruku'	39.	Prajanjian sarta saksi.
Ruku'	40.	Para Muslimin badhé dipun damel menang.

Namanipun lan ingkang kawarsitakaken

Namanipun surat punika, mendhet saking cariyos ingkang kaandharaken wonten ing ayat 67-71 bab mragad *lembu.* Rèhning ingkang baku surat punika ngrembag bangsa Yahudi, sarta rèhning kados déné ingkang katerangaken wonten ing tafsir angka 84 lan 108, kabrahalan ingkang ngoyod wonten ing antawisipun bangsa Yahudi punika nyembah lembu, mila karana mèngeti wigatosipun lalampahan wau, sampun mungguh manawi surat punika kanamakaken *lembu.*

Surat punika ingkang baku piyambak ngrembag bab titiyang Yahudi tuwin pambantahanipun tiyang Yahudi dhateng Islam. Milanipun kathah pranatan-pranatan, ingkang piprincènipun béda kaliyan angger-angger Yahudi, sarta pawadan-pawadanipun titiyang Yahudi anggènipun ngemohi kanabianipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. punika karembag wonten ing surat punika. Manawi ringkesan isining surat punika dipun waos kalayan tliti, ing ngriku tétéla bilih ruku' ingkang pinten-pinten punika satunggal kaliyan satunggalipun saged mathuk, dados pandakwa manawi worsuh panatanipun, punika tuwuh saking kirang lebet anggènipun manah kémawon. Surat punika kawiwitan kalayan pratélan cekak bab tatales ingkang minangka dhadhasaring Islam. Sasampunipun nyebutaken wonten ing ruku' ingkang sapisan bab angsal-angsalanipun ngarepi utawi angemohi tatales-tatales wau, lan sasampunipun ngrembag bab lalamisan wonten ing ruku' ingkang kaping kalih, lajeng wonten ing ruku' ingkang kaping tiga nyaring kayektènipun tatales-tatales wau, lan sasampunipun langkung-langkung Kasawijènipun Pangéran, sarana mendhet pasaksèn saking yasanipun Pangéran wonten ing jagad sawegung punika. Ruku' ingkang kaping sekawan gentos anedahaken bilih manusa punika kaparingan kasantikan ingkang jembar, nanging manusa nandhang rekaos margi saking anggènipun musprakaken wewenganipun, sarta bab punika dipun gambaraken wonten ing dalem cariyosipun Adam. Ruku' ingkang kaping gangsal lajeng anggelar kawontenanipun bangsa Bani Israil; piyambakipun sami dipun dhawuhi kados pundi Quran anggènipun nuhoni wahananing piweca-piweca ingkang kasebut wonten ing kitabipun; kalih ruku' candhakipun mligi kanggé anerangaken nugrahanipun Pangéran ingkang sampun kaparingaken dhateng piyambakipun sarta ambegugukipun, lajeng kasambetan ruku' titiga ingkang mangandikakaken bab risaking kalakuanipun, bab pugaling manahipun, tuwin anggènipun sami nyidrani prajanjianipun. Ruku' ingkang kaping sawelas mangandikakaken anggènipun sami angemohi Kanjeng Nabi Suci, sarta ingkang kaping kalihwelas nyebutaken anggènipun mengsahi kalayan sanget dhateng Kanjeng Nabi tuwin upayanipun dhateng Kanjeng Nabi. Ruku' ingkang kaping tigawelas nyebutaken bilih kitab suci ingkang rumiyin-rumiyin dipun suwak sarta pranatan ingkang langkung saé lan langkung luhur kaparingaken awujud Islam, agami sumarah ingkang kalayan ambabar pisani. Ruku' candhakipun nerangaken bilih saé ingkang namung sapérangan-sapérangan punika pinanggih wonten ing sadaya agami, nanging ngemungaken ing dalem Islam kémawon, sampurnanipun agami punika. Ruku' ingkang kaping gangsalwelas ngèngetaken titiyang Israil bab janji kaliyan Kanjeng Nabi Ibrahim, inggih punika janji bab jumenengipun satunggaling nabi saking antawisipun trah Isma'il, lajeng kasambetan ing ruku' sanès ingkang ngrembag bab agaminipun Kanjeng Nabi Ibrahim. Punika wau minangka kanggé ambubukani rembag bab prakawis *Qiblah* ingkang dipun elih dhateng Ka'bah, inggih punika padaleman suci ingkang kabangun déning Kanjeng Nabi Ibrahim; ruku' kakalih sambetipun, kajawi ngundhangaken Ka'bah dados punjer anyar tumrap ébah-ébahan ruhani, ugi paring katrangan nalar-nalaripun déné wonten éwah-éwahan wau. Ruku' ingkang kaping sangalas memèngeti para Muslimin, bilih piyambakipun kedah nandhang cobi ageng rumiyin ing sadèrèngipun saged nguwaosi Padaleman Suci, ingkang wiwit sapunika lan saterusipun dados punjeripun para titiyang Muslimin; sanajan ing ngriku kabrahalan anyrambahi, nanging sampun tinamtu boten kénging boten mesthi badhé sirna, kosokwangsulipun Tauhid utawi Kasawijèn mesthi badhé unggul wekasanipun; bab punika kacethakaken wonten ing ruku' ingkang kaping kalih dasa. Béda ing dalem prakawis ingkang alit-alit kaliyan angger-angger Yahudi lajeng katerangaken minangka tatandhinganipun piwulang baku ingkang sami, inggih punika piwulang bab Kasawijènipun Pangéran; lajeng wiwit ngrembag angger-angger bab tedha, wawales, bab wewenang andarbèki raja darbènipun tiyang ingkang tilar donya, siyam, perang, haji, minuman keras, ngabotohan, laré yatim, kawajiban-kawajibanipun tiyang jaler dhateng rabinipun, pegat, lan bab èstri randha wonten ing ruku' sawelas iji candhakipun. Ruku' kakalih candhakipun mangsuli rembag bab perang, ingkang perlu sanget katindakaken manawi umat Islam kepéngin suminggah saking pejah, sarta maringi gagambaran saking babad Bani Israil. Ing ruku' ingkang kaping tigang dasa sekawan kula sami kaparingan dhawuh bab mahakawasanipun Gusti Allah anggesangaken tiyang pejah, sarta para

Muslimin dipun dhawuhi sampun ngantos sami migunakaken peksan tumrap ing dalem prakawis agami, kados déné ingkang katindakaken déning mengsah-mengsahipun. Tuladha warni kalih lajeng kasebutaken wonten ing ruku' sambetipun, ingkang satunggal saking babadipun Kanjeng Nabi Ibrahim, satunggalipun saking babad Israil, kanggé anedahaken kados pundi anggènipun kagesangaken malih umat-umat ingkang sampun pejah. Kula sami tumunten kaparingan dhawuh wonten ing ruku' ingkang kaping tigang dasa nem lan tigang dasa pitu, bilih mindhak agengipun umat saha karaharjanipun umat punika gumantung wonten ing tindak pangurbanan; sarta bandha ingkang katanjakaken karana yakti, punika nadyan sakedhika dikados punapa mesthi badhé nguwoh tikel pitung atus utawi langkung. Lah, rèhning para Muslimin sampun dipun janjèni bandha ingkang mluwah-mluwah wau, minangka wohing pangurbananipun, mila ing ruku' candhakipun para Muslimin dipun wantos-wantos sampun ngantos nindakaken prakawis riba', ingkang tundhonipun namung badhé murugaken kaladuk tresna ing bandha ngantos nglangkungi wates, awit ngumpuk-umpuk bandha punika sanès maksud ingkang kedah katuju ing gesangipun tiyang Muslim. Nanging para Muslimin ugi kadhawuhan wonten ing ruku' ingkang kaping tigang dasa sanga, supados sami rumeksa dhateng raja dharbènipun, sarana migunakaken seratan manawi lalayanan prakawis arta lan mawi saksi. Wekasanipun para Muslimin kaparingan piwulang nyunyuwun menangipun ingkang wekasan yakti. Dados, sambet-sumambetipun bab ingkang karembag punika tanpa wonten pedhotipun, déné manawi perlu gantos ingkang karembag, inggih katindakaken manut satitahipun.

Sasambetanipun kaliyan surat ingkang sampun

Sasambetanipun surat punika kaliyan surat ingkang sampun punika sampun genah. Ing wekasaning surat ingkang sampun wonten panyuwun katuntun dhateng margi ingkang leres (1: 5); lah, ing ngriki tuntunan wau kaparingakaken wonten ing wiwitaning dhawuh: "Iki Kitab, ora ana semangé ing jeroné, tuntunan" (ayat 2). Malih, panyusun wau nyuwun supados kula sami kadunungna wonten ing marginipun para ingkang sampun kaparingan nugrahaning Pangéran (1: 6), ing ngriki kula sami dipun paringi sumerep wonten ing ayat 5, sinten ingkang sami dumunung wonten ing margi ingkang leres punika lan sinten ingkang badhé angsal kabegjan punika. Makaten ugi, panyuwun wau nukulaken pépénginan kula sami nebihi marginipun para ingkang sami kadhawahan ing bendu lan ingkang sami sasar (1: 7), surat punika tumunten kémawon paring pitedah, bilih sinten ingkang boten mraduli dhateng pepéngetipun Kanjeng Nabi, lan boten purun manah-manah punapa déné boten purun mirengaken (ayat 6), boten kénging boten ing wasananipun manahipun mesthi badhé katutup saking yakti; lah, siksa ingkang nyisahaken punika, wujudipun bendu ingkang kadhawahaken dhateng piyambakipun punika (ayat 7); sarta sinten ingkang anggadhahi panganggep bilih iman punika cekap namung pangakening lésan thok, alias namung lalamisan, menggah ing sajatos-jatosipun piyambakipun punika tiyang ingkang sasar, awit piyambakipun punika nama nguyang sasar mawi pitedah ingkang leres (ayat 16). Sok tiyanga ingkang maos Quran Suci, mesthi saged nyumerepi kalayan gampil, bilih boten wonten surat sanès ingkang langkung mathuk-mathis nyambeti surat *Fâtihah* kados surat punika; sarta boten prabéda lan ing wiwitanipun, ing wekasanipun inggih cetha manawi asasambetan kaliyan surat *Fâtihah.*

Nanging sanajan surat punika sambetipun surat *Fatihah,* menggah ing sajatosipun surat punika surat ingkang wiwitan, awit surat *Fatihah* punika kapapanaken wonten ing nginggil piyambak, jalaran punika pathining sadaya dhawuh Quran. Punika suka pasaksèn ingkang sakalangkung déning terang gamblang, bilih panatanipun urut-urutaning surat-suratipun Kitab Suci Quran punika nyata adhadhasar ing kawicaksanan. Surat punika kalayan mathis kawiwitan kalayan sabda bubuka ingkang andhawuhaken maksud ingkang kasedya ing tumurunipun Quran Suci, sarta ing ayat-ayatipun ingkang wiwitan ngemot tatales-tatales ingkang minangka dhadhasaripun agami Islam, ingkang menggah ing sajatosipun saged dados tatales dhadhasaripun agami-fitrahipun manusa (agami ingkang sarwa laras kaliyan kudrat dumadosipun manusa). Piwulang dhadhasar punika wonten gangsal prakawis, ingkang tiga isi pranatan téori, inggih punika prakawis-prakawis ingkang kedah dipun andel utawi dipun imanaken, déné ingkang kalih pranatan ngamal, inggih punika piwulang baku ingkang kedah katindakaken. Wondéné prakawis ingkang kedah dipun imanaken wau inggih punika: iman dhateng *Gaib* (barang ingkang boten satmata), wijang-wijangipun makaten: iman ing Gusti Allah, iman ing wahyuning Pangéran ingkang kaparingakaken dhateng Kanjeng Nabi tuwin dhateng para andika nabi ing sadèrèngipun, lan iman ing gesang ingkang badhé dhateng. Déné prakawis ingkang kedah katindak-

aken, ingkang kasebutaken sembahyang, inggih punika esoking raosing manahipun manusa wonten ing ngarsanipun Pangéran Ingkang-Mahaluhur, tuk ingkang angilèkaken jatining asih saha kalomanipun Pangéran ingkang kalayan mengku teges ingkang jembar. Angsal-angsalanipun manawi manusa angèstokaken dhateng piwulang dhadhasar punika, kasebutaken wonten ing ayat 5, inggih punika katuntun dhateng margi ingkang leres saha sami begja. Makaten ugi, ingkang dipun anggé mekasi surat punika inggih mangsuli malih piwulangipun baku agami Islam bab iman ingkang sakalangkung jembar, sinartan ing panyuwun menangipun yakti; sarta menggah ing sajatosipun sagemblenging surat punika anggambaraken kayektèning piwulang dhadhasar ingkang kadhawuhaken wonten ing wiwitaning surat. Saupami surat punika dipun elih saking panggènanipun, yekti boten wonten malih surat sanèsipun ing sagemblengipun Quran punika, ingkang kénging kanggé gentosipun lan ingkang saged nyekapi sedya dados bubukaning Kitab Suci Quran.

Titimangsa Tumurunipun

Namung wonten semang-semangipun sakedhik bilih surat punika katurunaken ing Madinah, lan kagolong wahyu Madaniyah jaman wiwitan piyambak. Déné semang-semangipun punika tumrap ayat 21-39 tuwin ayat 164-172, nanging nalar-nalaripun semang-semang wau ringkih sanget. Paugeran: sadaya ayat ingkang wonten dhawuhipun "É, para manusa" kagolong wahyu Makkiyah, lan sadaya ayat ingkang wonten dhawuhipun "É, kang padha angèstu" kagolong wahyu Madaniyah, punika panggebyah-uyahipun sawenèh mufassir ingkang boten kénging dipun gondhèli. Para marsudi Quran bangsa Éropa mendhet paugeran wau saking kitab *Itqân*, tanpa mawi ngèngeti bilih nadyan *Itqan* piyambak boten gondhèlan sanget-sanget dhateng paugeran wau, sarta tanpa mawi manah dhateng gelar yektinipun ingkang nyata. Jalaran surat ingkang kaping 4, inggih punika *Para èstri,* punika sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi ing sagemblengipun punika kagolong wahyu Madaniyah, suprandéné dhawuh ingkang wiwitan piyambak mungel "É, para manusa." Makaten ugi surat ingkang kaping 22, ingkang para mufassirin sarujuk angakeni manawi kagolong jaman Makkah, punika wiwitaning dhawuh mungel "É, kang padha angèstu." Dados panglèlèran ingkang dipun anggé netepaken ayat 21-39 kagolong dhawuh ingkang tumurun ing Makkah, punika tétéla boten saged ngrampungi ing damel. Déné pasaksèn saking bab ingkang karembag wonten ing ayat-ayat wau, makaten ugi ing ayat 164-172 lan 256-258, ugi nuwuhaken semang-semang yèn ta ayat-ayat wau tumurun ing Madinah, punika saking pamanggih kula namung gagasanipun pun tukang nyela blaka; jalaran paugeran ingkang gumathok, kanggé amilahaken bab ingkang karembag wonten ing wahyu Makkiyah utawi Madaniyah punika boten wonten. Paniti-priksanipun para saged Éropa ing jaman ingkang akhir-akhir punika langkung tumiyung dhateng wawasan ingkang leres manawi katimbang kaliyan pamanggihipun ingkang grusa-grusu para tukang niti-priksa ing wekdal ingkang sampun-sampun. Ing bukunipun "*New Researches*" tuan Hirschfeld nerangaken makaten: "Manawi kita boten angsal pitulungan sanès ingkang premati, ingkang asring mokal sagedipun ambédakaken antawising wahyu Madaniyah kaliyan wahyu Makkiyah akhir .... Ungeling dhadhawuhan wahyu Madaniyah, punika boten prabéda lan wahyu Makkiyah, kebak isi dhawuh ingkang tumuju dhateng titiyang kathah, cariyos, tuwin pangandika ingkang adhapur pasemon utawi sanépa." Nanging perlu kula wewahi katrangan, bilih kathah pupuntoning pamanggihipun para juru-panliti-priksa bangsa Éropa ingkang boten kénging pinitados, punika adhadhasar panggebyah-uyahipun para tukang merdèni bangsa Wétanan ingkang groboh.

Semang-semang ingkang tumrap ayat 285 lan 286, inggih punika ayat ingkang mangka wekasaning surat, punika ugi atanpa waton. Ayat 285 punika namung ngambali malih sifatipun agami Islam ingkang ajajagadan, ingkang sampun katetepaken wonten wiwitan mila, inggih punika ing ayat 4, sarta ingkang dipun ambali malih wonten ing tengah-tengahing surat, inggih punika ing ayat 136; ing tigang panggènan wau sadaya kasebutaken bilih angèstu ing kayektènipun sadaya nabi punika dados dhadhasaripun agami Islam. Déné ayat 286, punika mulang nyunyuwun; anèh sanget manawi anggènipun kagolong dhawuh ingkang tumurun ing Madinah dipun semang-semangaken.

Kula dèrèng naté mrangguli hadits ingkang kénging pinitados, ingkang nélakakaken bilih surat punika wonten péranganipun ingkang tumurun ing Makkah. Nadyan wonten pisan, meksa kula kumedah ngaturi pèpènget dhateng para maos ingkang ngatos-atos anggènipun nampi. Dados sagemblengipun surat punika kagolong wahyu Madaniyah wiwitan. Kula semang-semang sanget dhateng hadits-hadits ingkang nyebutaken bilih dhawuh larangan bab riba' ingkang kasebut ing ruku'-

RUKU’ 1

Tatales ingkang minangka dhadhasaring Islam

1. Mahawikaning Allah. 2. Quran, panuntun sampurna. 3, 4. Tatales ingkang mangka dhadhasar. 5-7. Kadadosanipun ngajengi sarta ngemohi.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih. — بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Ingsun, Allah, Ingkang-Mahawikan.[11] — الٓمّٓ ①

---

ruku’ ingkang wekasan punika tumurun nalika jaman ngajengaken sédanipun Kanjeng Nabi. Saged ugi ayat-ayat wau tumurunipun ing jaman ingkang langkung kantun katimbang kaliyan ayat sanès-sanèsipun ing surat punika; nanging nitik ing 3: 129 inggih sampun wonten dhawuh awisan kados makaten punika, cepak botenipun manawi ayat-ayat wau tumurun nalika ngajengaken sédanipun Kanjeng Nabi. Manawi katitipriksa saèstu surat punika, tamtu badhé nuwuhaken pupuntoning pamanggih, bilih mèh sagemblengipun surat punika katurunaken sadèrènging tumurunipun surat candhakipun, inggih punika surat ingkang kaping tiga.

---

11. Dhawuhipun ingkang asli mungel: *alif, lâm, mîm.* Aksara pangringkesing tembung, kados déné ingkang kasebut ing ngriki punika, wonten ing jarwan Quran ingkang kathah-kathah dipun lugokaken kémawon, boten dipun jarwani. Aksara sawatawis utawi inggih aksara satunggal thil, ingkang pinanggih wonten ing wiwitaning sawenèh surat-suratipun Quran Suci, ingkang sadaya wonten 29 surat, punika kawastanan الحروف المقطعة utawi kacekak kémawon *muqaththa’ât*. Miturut paham ingkang dipun gega, aksara-aksara wau kanggé pangringkesing tetembungan. Bangsa Arab asring migunakaken aksara-aksara sacara kados makaten wau wonten ing kidungipun, kadosta wonten ing kidung makaten قلت لها قفي فقالت قاف Ing ngriku *qâf* punika kanggé pangringkesing tembung *waqaftu,* jawinipun *aku mandheg* (AH). Tuladha sanèsipun malih kasebut ing kidung makaten بالخير خيرات وان شرا فا ولا اريد الشر الا ان تا *Fa’* ing ngriku kajengipun *fasyarrun,* jawinipun: *iya bakal olèh ala,* déné *ta’* kajengipun *tasya’*, jawinipun *kokarepaké* (AH). Ing pawicantenan limrah asring kapireng *fa’* minangka kanggé mangsuli tiyang ingkang pitakèn: *apa kowé gelem teka*? Ing ukara punika *fa’* wau gadhah kajeng فاذهب بنا jawinipun: *yèn mangkono ayo mangkat karo aku* (LL). Aksara ingkang kanggé pangringkesing tembung punika wonten ing sadaya basa kalebet limrah; namung wonten ing kasusastran Arab panganggénipun gadhah cara piyambak, inggih punika aksara-aksara wau, anggadhahi teges sanès, samangsa kanggé wonten ing panggènan sanès; déné tegesipun saged kasumerepan saking gathuking suraosipun. Makaten punika pamanggihipun I’Ab(AH). Panjenenganipun lan IMsd sarujuk anggènipun nerangaken الٓمّٓ (kawaos *alif, lâm, mîm*), kados déné ingkang pinanggih ing ngriki lan ugi ing wiwitanipun surat ingkang kaping 3, 29, 30, 31 lan 32, punika kanggé pangringkesing tembung: انا الله اعلم tegesipun: *Ingsun Allah Ingkang-Mahawikan. Alif* kanggé pangringkesing tembung *ana, lam* kanggé tembung *Allah,* lan kanggé *mim* tembung *a’lamu* (AH, IJ), inggih punika aksara ingkang wiwitan, tengahan saha pungkasanipun tembung ingkang kacekak. Ngulami sanès anggadhahi paham bilih aksara-aksara wau kanggé ngringkes sawenèh sifatipun Pangéran. Déné manawi sadaya wau ugi kanggé namakaken surat, punika boten teka lajeng kénging kanggé watoning panginten-inten bilih sadaya wau boten anggadhahi teges. Pamanggihipun tuan Golius ingkang anèh, inggih punika ingkang mastani manawi *alif lâm mîm* punika cekakaning ukara *amr li Muhammad*, ingkang cariyosipun ateges: *miturut dhawuhé Muhammad*,

2 Iki[12] Kitab,[13] — ora ana semangé ing jeroné – tuntunan tumrap kang padha bekti,[14]	ذٰلِكَ الْكِتٰبُ لَا رَيْبَ فِيْهِ هُدًى لِّلْمُتَّقِيْنَ ۝٢
3 (Yaiku tumrap marang) kang padha angèstu marang Kang-tankaton[15] lan padha anjumeneng-	الَّذِيْنَ يُؤْمِنُوْنَ بِالْغَيْبِ وَيُقِيْمُوْنَ الصَّلٰوةَ

punika kajawi boten wonten watonipun miturut kawruh nahwu (paramasastra Arab) lepat pangiketipun ukara. Leresipun wonten ing basa Arab lajeng mungel makaten: *bi amri Muhammad.* Nanging manawi makaten lajeng boten saged kacekak mawi aksara *alif, lâm, mîm.* Tuan Rodwell nalika nerangaken tegesipun aksara *nun* ingkang wonten ing wiwitanipun surat ingkang kaping 68, nerangaken makaten: "Tegesipun pasemon punika tuwin tunggilipun ingkang pinanggih ing dalem Quran, punika boten dipun mangertosi déning titiyang Islam piyambak, dalasan nalika abad sapisan." Pamanggih makaten wau lepat, jalaran tegesipun aksara-aksara punika kathah-kathahipun wonten aluranipun saking para sahabatipun Kanjeng Nabi, awit saking punika pamanggih ingkang mastani bilih punika sadaya dados "tetenger sinandi utawi aksara cekakaning asma (sandi asma) ingkang kaserat déning ingkang gadhah wonten ing *nuskhah* ingkang dipun sukakaken dhateng sahabat Zaid nalika panjenenganipun wau mriksa seratan Quran atas dhawuhipun Khalifah 'Utsman," punika boten pantes kamanah, sarta ing salajengipun punika cengkah kaliyan pasaksèn ingkang terang adhadhasar babad, ingkang cetha wéla-wéla bilih aksara-aksara punika nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi piyambak sampun wonten lan kawaos margi dados péranganipun surat.

12. Tuan Palmer negesi tembung *dhâlika* punika: *kaé*, sarta anggadhahi pamanggih manawi dipun tegesi *iki* lepat. Nanging LL nerangaken: "Tiyang punika manawi dipun anggep ina dipun tuding mawi tembung *hâdhâ*, ingkang nedahaken barang ingkang celak dunungipun; makaten ugi barang, manawi dipun aji-aji, dipun isarahi mawi tembung *dhâlika*, inggih punika tembung ingkang kanggé nedahaken barang ingkang tebih dunungipun." Terangipun, tembung *dhâlika* ing ngriki punika boten teka nedahaken barang ingkang tebih dunungipun, saha boten kénging dipun tegesi *kaé,* nanging punika nedahaken anggènipun Quran *dipun aji-aji.*

13. Ing ngriki Quran dipun wastani *al-Kitâb,* utawi *Kitâb.* Asaling tembung: *Kataba,* jawinipun *nyerat* lan ugi ateges *nglempakaken* (LL) sarta *kitâb*, punika seratan ingkang *jangkep langkep.* Dados serat iber-iber punika ugi kénging winastan *kitâb*, sarta inggih ateges makaten punika dhawuh ing 27: 28, 29. Quran Suci katembungaken *kitâb*, punika sampun kasebut wonten ing dhawuh-dhawuh ingkang sepuh sanget, sarta anggènipun ngagem tembung wau, punika nedahaken kanthi cetha bilih Quran punika wiwit-wiwitan mila pinasthi dados *kitab ingkang jangkep*, tuwin ingkang cumithak boten namung wonten ing èngetanipun manusa kémawon, nanging ugi kaserat mawi seratan ingkang kénging tiningalan. Awit manawi boten makaten yekti boten kénging sinebut *al-kitâb.* Dados anggènipun ngagem tembung kitab, punika dados pasaksèn ingkang cetha, bilih panataning urut-urutanipun dhawuh Quran – ingkang upamiya boten makaten yekti wurung winastan kitab – punika sampun katindakaken déning Kanjeng Nabi Suci piyambak. Déné nuskhah ingkang dipun klempakaken déning sahabat Zaid nalika jamanipun Khalifah Abu Bakar, punika anggènipun ngurutaken manut tatanan ingkang sampun wonten nalika jaman Kanjeng Nabi. Katranganipun tembung Quran mirsanana katrangan angka 228.

14. Para ingkang sami anjarwakaken Quran limrahipun negesi tembung *muttaqî*, punika: *tiyang ingkang ajrih ing Allah* utawi *tiyang ingkang tulus.* Nanging ing ngriki kula sulaya kaliyan kalimrahan wau. Asalipun tembung saking *waqâ* sarta mengku suraos *nebihi, anjagi* utawi *rumeksa* (LL). Miturut Rgh *wiqâyah* ateges *ngreksa satunggaling barang saking samukawis ingkang saged damel pituna. Muttaqî* punika tandhuk kriya wacaka, déné tembungipun kriya *ittaqâ*, ingkang tegesipun *anjagi sanget utawi rumeksa sanget dhateng badanipun piyambak.* Miturut LL: "Miturut istilahipun hukum: *anjagi sanget utawi ngreksa sanget dhateng badanipun piyambak saking dosa utawi saking samukawis ingkang sakinten mitunani badanipun bénjing ing dinten akhir*." Dados tembung *muttaqî* punika ingkang langkung mathuk dipun tegesi *tiyang ingkang rumeksa awakipun (saking awon),* utawi *tiyang ingkang ngatos-atos (anggènipun netepi kawajibanipun).*

15. *Mirsanana kaca* candhakipun.

aké salat[16] apa déné amèwèhaké barang paparing Ingsun;[17]	وَمِمَّا رَزَقْنٰهُمْ يُنْفِقُوْنَ ۝٣
4 Lan kang padha angèstu ing barang kang kadhawuhaké marang sira lan barang kang kadhawuhaké ing sadurungira;[18] lan marang akhirat padha yakin.[19]	وَالَّذِيْنَ يُؤْمِنُوْنَ بِمَآ اُنْزِلَ اِلَيْكَ وَمَآ اُنْزِلَ مِنْ قَبْلِكَ ۚ وَبِالْاٰخِرَةِ هُمْ يُوْقِنُوْنَ ۝٤

15. Al-*ghaib* punika *ingkang boten satmata* utawi *ingkang boten saged ginayuh ing akal limrah,* kadosta bab wontenipun Allah, punika yakinipun ingkang saèstu namung saged kagayuh lantaran Wahyuning Pangéran. Déné manawi tembung *ghaib* punika dipun tegesi *wawadosipun agami*, kados anggènipun negesi tuwan Sale, punika lajeng nama nyamboraken piwulang Nasrani ingkang samar-samar punika dhateng piwulangipun Islam ingkang sarwa terang. Prakawis kedah kumandel dhateng barang gaib, kaèngetana bilih sadaya kawruh punika mesthi adhadhasar sawenèhing tatales ingkang kiyat, déné kanyataanipun, punika namung kaseksèn wonten ing wohipun.

16. Tumrapipun bangsa Arab tembung *shalah* punika ateges *donga* utawi *panyuwun.* Tuladhanipun kados kidungipun *A'sha* nalika nerangaken sajeng makaten: وقابلها الريح في دنها ∴ وصلى على دنها وارتسم Tembung صلى ing ngriku ateges *andongakaké* (IJ). Ing panggènan sanès juru-kidung wau nerangaken لها حارس لا يبرح الدهر بيتها ∴ وان ذبحت صلى عليها وزمزما Tetembungan صلى عليها ing ngriki punika sami kaliyan دعا لها jawinipun *andongakaké dhèwèké* (IJ). Ing dalem Islam, *Ash-shalâh* punika mawi sarat rukun lan mawi cara piyambak, sarta dados pranatanipun agami ingkang katamtokaken. Piprincènipun kula aturi mirsani ing Purwaka. Ing dalem Quran, tembung kriya ingkang kanggé nembungaken tiyang nindakaken sembahyang, punika *aqâma*, saking اقام الامر jawinipun *rumeksa satunggaling prakawis wonten ing kawontenanipun ingkang saleres-leresipun* (LL). Dados sembahyang ingkang dipun karsakaken déning Quran punika boten namung waton nindakaken upacaranipun kémawon, nanging ugi kedah kareksa saleres-leresipun, inggih punika netepi ruhipun sembahyang ingkang sajati. Kaèngetana bilih kajawi sembahyang wajib, ingkang katindakaken sadinten kaping gangsal, taksih wonten malih sembahyang cara Islam kanggé satunggal-tunggaling tiyang manawi badhé ngesokaken saraosing manahipun. Perlu ugi katrangaken ing ngriki bilih manawi miturut Quran Suci, sembahyang punika jatos-jatosing sarana kanggé nucèkaken manah, jalaran "sayekti salat iku angedohaké manusa saka laku nistha lan laku ala" (29: 45).

17. Nanjakaken samukawis ingkang sampun kaparingaken, ingkang dipun karsakaken ing ngriki inggih punika dadana, inggih sawarnining dadana, boten kawatesan, utawi damel saé dhateng sadaya titah. Boten prabéda lan pranatanipun Islam sanès-sanèsipun ingkang maédahi sanget dhateng saindhenging kamanusan, dadana punika inggih dipun pranata déning Islam ingkang kalayan tamtu lan ajeg. Boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang kénging lumebet dhateng pasadhèrèkan Islam, sadèrèngipun tiyang wau sanggem ngedalaken sapéranganing bandhanipun saben taun kanggé ambantu warganing pasadhèrèkan ingkang kikirangan. Bagéan ingkang kadhawuhaken kedah dipun pasokaken dhateng "bandha simpenan kanggé tiyang kathah" (*public funds*) makaten wau dipun wastani *zakat*, inggih punika sawarni paos, limrahipun pangaos sapra sekawandasanipun sawenèh rajadarbé – inggih paos ingkang dados sasanggènipun tiyang sugih kanggé kaperluwanipun tiyang ingkang kekirangan. Kados pundi sarat rukunipun kawajiban zakat, tuwin piprincènipun sanès-sanèsipun, kasebut wonten ing Purwaka. Kajawi pasokan ingkang kawajibaken punika, dhawuh ingkang kagem ing ngriki punika ugi mengku sawarnining lampah dadana manasuka, wiwit nyarahaken badanipun namung muhung kanggé lalados kamanusan, dumugi "mèsem" dhateng sasami; awit mèsem dhateng sasami punika miturut pangandika Nabi kalebet dadana.

18. Ing antawis agami-agami ing donya punika, namung Islam piyambak ingkang masang tatalesing agami ingkang sakalangkung jembar, inggih punika angèstu dhateng sadaya nabi-nabinipun

19. *Mirsanana kaca candhakipun.*

5 Yaiku wong kang padha miturut tuntunan saka Pangérané lan yaiku wong kang padha begja.	أُولَٰٓئِكَ عَلَىٰ هُدًى مِّن رَّبِّهِمْ ۖ وَأُولَٰٓئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ٥
6 Sayekti, wong kang padha – kafir padha ingatasé dhèwèké, apa kopépélingi apa ora kopépélingi[20] – iku padha ora bakal angèstu.	إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا سَوَآءٌ عَلَيْهِمْ ءَأَنذَرْتَهُمْ أَمْ لَمْ تُنذِرْهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ٦

jagad. Ngakeni kasunyatanipun sadaya agami, punika dados sifatipun Islam ingkang miyambaki. Dhawuh ingkang mungel: *lan barang kang kadhawuhaké ing sadurungira*, punika nyakup wahyuning Pangéran ingkang katurunaken dhateng sadaya umat ing ngalam donya punika, jalaran ing panggènan sanès ing dalem Quran kadhawuhaken makaten: "Lan ora kena ora, saben umat, ing kono mesthi wis tau ana juru-pépélingé" (35: 24). Nanging Quran boten nyebutaken asmanipun sadaya nabi, jalaran: "sawenèhé ana kang Ingsun caritakaké marang sira, sarta sawenèhé ana kang ora Ingsun caritakaké marang sira" (40: 78). Kaèngetana ugi bilih tembung *anzala* (lingga: *inzâl*) ingkang ing ngriki kagem nembungaken tumurunipun wahyu, punika asring kagem ing dalem Quran kalayan mengku suraos *irsâl* utawi *iblâg*, jawinipun *andhatengaken utawi andumugèkaken satunggaling barang wonten ing satunggaling panggènan,* dados boten mesthi ngemu suraos *nurunaken saking nginggil mangandhap.* Mila saben tembung wau dipun anggé gagandhèngan kaliyan wasitanipun Pangéran, kula tegesi *diturunaké* ingkang mengku suraos *diwahyokaké* utawi *didhawuhaké*, jalaran inggih wahyu punika wujudipun wasita ingkang kaparingaken dhateng para manusa. Ugi dipun pèngetana bilih *dlamir mukhathab mufrad: kaf,* punika dipun tegesi *sira,* utawi *kowé,* makaten ugi *jama'*-ipun (*kum*), ugi dipun tegesi *sira* utawi *kowé*, jalaran ing basa Jawi boten wonten tembungipun ingkang trep.

19. Angèstu ing gesang sasampunipun pejah ingkang kasebutaken ing ngriki, punika rukunipun iman ing dalem Islam ingkang kaping gangsal. Ngemungaken iman punika ingkang saged andadosaken manusa umumipun ngrumaosi saèstu bilih manusa punika tanggel dhateng sadaya pandamelipun. Gesang sasampunipun pejah punika miturut agami Islam, alam ingkang wiwitipun duk ing kalanipun manusa pejah, namung kababaripun ingkang sampurna, badhé kelampahan bénjingipun malih, manawi wohing pandamel ingkang katindakaken wonten ing dalem gesang sapunika punika ngrasuk kawujudanipun ingkang wekasan. Kaèngetana bilih iman ing Allah lan iman ing akhirat kados déné ingkang kasebut ing ngriki, inggih rukunipun iman ing dalem agami Islam ingkang wiwitan lan ingkang wekasan, punika ingkang asring mengku teges angèstu ing sadaya rukuning iman ing dalem Islam, kadosta ingkang kasebut ing 2: 285 lan sanès-sanèsipun. Tembung *akhirat* boten ateges wahyu ingkang tumurunipun ing jaman akhir, punika sampun cetha wéla-wéla manawi dipun cocogaken kaliyan panganggénipun tembung wau ing panggènan sanès, kadosta ing 12: 37. Ing ngriku kasebutaken Kanjeng Nabi Yusuf ngandika makaten: "Sayekti aku iki ninggal agamané wong kang ora padha angèstu ing Allah, sarta marang akhirat dhèwèké padha maido." Malih kasebut ing 27: 3: "Kang padha ngadegaké salat lan bayar zakat lan wong mau padha yakin marang akhirat." Saèstu, boten leres sanget negesi tembung *al-âkhirat*: wahyu ingkang pinasthi badhé dipun paringaken ing jaman sapengkeripun Kanjeng Nabi Muhammad saw. jalaran korining wahyu punika tansah menga tumrap para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi sadaya, sarta inggih sampun maèwu-èwu tiyang ingkang sampun necep saking tuk punika.

20. Dhawuh ingkang mungel سَوَآءٌ عَلَيْهِمْ ءَأَنذَرْتَهُمْ punika ukara seselan minangka katerangan (*parenthetical*) (AH), lan inggih kedah dipun tegesi makaten wau. Manawi dhawuh wau dipun tegesi sacara limrah, inggih punika ukara seselan ingkang minangka katrangan wau kadamel ukara limrah, ayat wau lajeng atanpa teges, jalaran ayat wau lajeng mungel makaten: "Sayekti wong kang padha kafir, iku padha baé ingatasé dhèwèké apa sira pépélingi apa ora; iya ora padha angèstu." Lah ingkang makaten punika rak sami kémawon kaliyan mangandikakaken, bilih tiyang ingkang sampun naté kafir mesthi boten badhé iman. Saèstu katrangan ingkang lepat. Béda manawi ukara wau kadamel ukara seselan minangka katrangan, tegesipun lajeng terang sanget. Inggih punika: tiyang kafir ingkang boten purun anggapé babar pisan dhateng pèpèngetipun Kanjeng Nabi, punika inggih boten

7 Allah wus ngecap ing ati-atiné lan ing pangrunguné, sarta ing pandelengé ana tutupé tuwin bakal padha olèh siksa kang gedhé.[21]

خَتَمَ اللّٰهُ عَلٰى قُلُوۡبِهِمۡ وَعَلٰى سَمۡعِهِمۡ‌ؕ وَعَلٰٓى اَبۡصَارِهِمۡ غِشَاوَةٌ وَّلَهُمۡ عَذَابٌ عَظِيۡمٌ ﴿۷﴾

RUKU' 2

Lalamisan

8-16. Tiyang lamis sarta pandaluyanipun ing tindak dédé lan pangina. 17-20. Sanépa kakalih.

8 Lan sawenèhing wong ana kang ngucap: aku angèstu ing Allah lan ing dina akhir;[22] *nanging* sajatiné wong mau padha dudu wong kang angèstu.

وَمِنَ النَّاسِ مَنۡ يَّقُوۡلُ اٰمَنَّا بِاللّٰهِ وَبِالۡيَوۡمِ الۡاٰخِرِ وَمَا هُمۡ بِمُؤۡمِنِيۡنَ ﴿۸﴾

---

badhé saged ngalap faédah saking piwulangipun Kanjeng Nabi. Panyuraos ingkang makaten punika laras kaliyan ruhipun Quran Suci. Manawi boten makaten mulangaken Quran punika nama tanpa teges, jalaran yektinipun tiyang ingkang sami ngrasuk Islam, punika inggih saking éwonipun titiyang ingkang ing sakawitipun kafir wau.

21. Kula aturi mèngeti bilih inggih namung para kafir wau ingkang ing ngriki kapangandikakaken sami wangkot manahipun, ngantos boten purun anggapé dhateng piwulang saha pèpèngetipun Kanjeng Nabi punika; bab punika sampun kacetha wonten ing ayat ingkang sampun. Boten sadaya manah dipun cap, nanging namung manahipun para duraka, titiyang dosa ingkang sami wangkot, ngantos boten purun anggapé panguwuhipun juru-pambangun kémawon, ingkang dipun cap punika. Para titiyang wau sami boten purun ambikak manahipun kanggé nampèni yakti, boten purun migunakaken talinganipun kanggé mirengaken punika, tuwin boten purun migunakaken mripatipun kanggé nyilahaken antawisipun leres lan lepat. Bab punika kasebutaken kalayan cetha wonten ing 7: 179: "Padha duwé ati, iku ora dianggo mangertèni; lan padha duwé mripat, iku ora dianggo andeleng; lan padha duwé kuping, iku ora dianggo angrungokaké; iki kaya raja-kaya." Lan kasebutaken wonten ing 41: 5 makaten: "Lan padha calathu: Atiku iki katutupan saka apa kang koajakaké marang aku lan kupingku ana tindhihé lan ing antarané aku lan kowé iku ana aling-alingé." Manawi dipun cocogaken kaliyan ayat kakalih punika, sampun cekap anggènipun anedahaken bilih dhawuh ingkang sapisan, ingkang mangandikakaken "manah lan pamireng dipun cap," punika wonten ing dhawuh ingkang kaping kalih kapangandikakaken "gadhah manah boten dipun anggé mangertosi, lan gadhah talingan boten dipun anggé mirengaken," lan kasebutaken wonten ing dhawuh ingkang kaping tiga "manahipun wonten tutupipun lan talinganipun wonten sumpelanipun." Dados dhawuh ingkang mangandikakaken "manahipun dipun cap," punika ingkang dipun karsakaken namung makaten: para kafir wau boten sami purun anggapé dhateng pèpèngetipun Kanjeng Nabi, lan suthik mangertosi lan mirengaken sadaya ingkang kadhawuhaken, awit saking punika anggènipun boten purun wau lajeng dados cap ingkang ngecap manah lan talinganipun. Rèhning Allah punika ngicipaken para titiyang wau wohing anggènipun anglirwakaken, mila lajeng kapangandikakaken, bilih Panjenenganipun, ingkang ngecap manah lan talinganipun wau.

22. Angèstu ing Allah lan ing dinten akhir ing ngriki punika sami kaliyan ngakeni sadaya rukunipun iman ing dalem agami Islam. Mirsanana katrangan ing angka 19. Titiyang ingkang kapangandikakaken ing ayat punika, para lamis, inggih punika para titiyang ingkang tansah dados tuking riribed tumrap Kanjeng Nabi wonten ing Madinah. Sadèrèngipun Kanjeng Nabi rawuh ing ngriku, Abdullah 0bin Ubaiy punika wonten ing Madinah ngriku dados tiyang ingkang kajèn kèringan,

9 Padha sira apus-apus ing Allah lan wong kang padha angèstu, *nanging* ora liya kajaba apus-apus awaké dhéwé lan padha ora ngrasa.[23]

يُخٰدِعُوْنَ اللّٰهَ وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ۚ وَمَا يَخْدَعُوْنَ اِلَّآ اَنْفُسَهُمْ وَمَا يَشْعُرُوْنَ ۗ ٩

10 Ing atiné padha ana lalarané, nuli Allah amewahi lalarané, lan bakal padha olèh siksa kang nglarani, amarga saka anggoné padha goroh.[24]

فِيْ قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ ۙ فَزَادَهُمُ اللّٰهُ مَرَضًا ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۢ ەۙ بِمَا كَانُوْا يَكْذِبُوْنَ ١٠

11 Lan nalika padha dipangandikani: aja padha agawé wisuna ing bumi, padha ngucap: sanyatané aku iki malah wong kang padha agawé pirukun.

وَاِذَا قِيْلَ لَهُمْ لَا تُفْسِدُوْا فِى الْاَرْضِ ۙ قَالُوْٓا اِنَّمَا نَحْنُ مُصْلِحُوْنَ ١١

---

tur piyambakipun wau kepéngin sanget dados panuntun. Nanging sareng Kanjeng Nabi rawuh, saha dipun akeni déning para titiyang ing kitha ngriku dados pangagenging papréntahan républik ing ngriku, Abdullah bin Ubaiy kécalan pangajeng-ajengipun ingkang dipun impi-impi wau. Piyambakipun lan titiyang ingkang sami manut ing piyambakipun lajeng asikep lalamisan dhateng Kanjeng Nabi lan dhateng para sahabatipun. Prakawis kawontenanipun para lamis, karembag wonten ing ngriki kanthi panjang, tuwin ing 3: 148-180, ing 4: 60-152, ing 9: 38-127 lan ing surat ingkang kaping 63 tuwin kala-kala ing panggènan sanès-sanèsipun.

23. *Khâda'ahu* punika tegesipun *mamrih* utawi *karep arep ngapusi dhèwèké* (LL) .... Tiyang dipun ungelaken makaten, manawi boten kadumugèn kajengipun. Jalaran kathah sanget tembung kriya ingkang miturut rimbag *fa'ala* namung mengku teges tandangipun tiyang satunggal, tuladhanipun kadosta: عاقبت اللص jawinipun *aku ngoyak maling* (LA-LL). Tembung *khâdâ'â* wau manawi dipun anggé magepokan kaliyan Pangéran ugi gadhah teges *Panjenengané mangsulaké apusé marang dhèwèké* (TA-LL). Salajengipun mirsanana katrangan angka 27 lan 637. Nanging kaèngetana, tembung *khada'a* punika ugi ateges *taraka* (Q), jawinipun *nilar*, kados déné ing ukara خادع المجد jawinipun *ninggal kamulyan* (TA-LL), makaten ugi *khâdâ'â* ateges *ngèndeli,* kados déné tetembungan كان فلان يعطى ثم خدع (S-LL).

24. Sasakit punika sakiting manahipun para lamis ingkang kasebut ing nginggil, déning rawuhipun Kanjeng Nabi, jalaran lajeng sandé anggènipun badhé dados panuntun. Allah mewahi sasakitipun, punika tegesipun sakiting manahipun wau saya wewah-wewah déning nyumerepi kamenangan miwah kamajenganing tebanipun Islam. Déné wewahing sasakit dipun tembungaken bilih Allah ingkang mewahi, punika kacocogna kaliyan 71: 6, ngriku kapangandikakaken bilih Kanjeng Nabi Nuh munjuk dhateng Pangéran makaten: "Ananging panguwuh kawula malah namung angindhakaken mlajengipun." Ing dalem lalampahan kalih warni wau, wewahing sasakit utawi raos emoh punika angsal-angsalaning pandamelipun piyambak. Nanging sarèhning anggènipun Allah ngutus Nabi lan kamenanganipun Nabi wau punapa déné pangajakipun Nabi wau nyababaké tindak wau, pramila kadhawuhaken bilih Allah utawi pangajaking Nabi wau ingkang nyababaken. Makaten ugi ing 95: 5 kapangandikakaken: "Nuli Ingsun ambalèkaké dhèwèké dadi soring asor;" mangka kaplorodipun dados asor punika wohing pandamelipun tiyang piyambak, déné Pangéran namung nukulaken wohing awon ingkang katindakaken déning tiyang wau. Utawi *sasakit* ing ngriki ateges ringkihing manahipun (AH). Jalaran para titiyang wau boten gadhah kawantunan ngemohi Islam kanthi ngeblak, sarta ringkihing manahipun wau saya wewah-wewah sareng Islam saya mindhak-mindhak kamenanganipun.

12 O, lah, satemené wong mau pancèn padha tukang agawé wisuna, ananging padha ora ngrasa.[25]

أَلَآ إِنَّهُمْ هُمُ ٱلْمُفْسِدُونَ وَلَٰكِن لَّا يَشْعُرُونَ ﴿١٢﴾

13 Lan nalika dipangandikani: Padha angèstua kaya anggoné angèstu wong-wong iku, padha ngucap: Ngapaa aku iki kabèh padha angèstu kaya olèhé angèstu wong bodho-bodho iku? O, lah, satemené malah dhèwèké iku sing padha wong bodho, nanging padha ora weruh.

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ ءَامِنُوا۟ كَمَآ ءَامَنَ ٱلنَّاسُ قَالُوٓا۟ أَنُؤْمِنُ كَمَآ ءَامَنَ ٱلسُّفَهَآءُ ۗ أَلَآ إِنَّهُمْ هُمُ ٱلسُّفَهَآءُ وَلَٰكِن لَّا يَعْلَمُونَ ﴿١٣﴾

Ut. *beng-golé*

14 Lan nalika padha katemu karo wong-wong kang angèstu padha ngucap: aku padha angèstu; lan nalika dhèwèké karo *sétan-sétané*[26] padha ngucap: satemené aku kabèh iki ngéloni kowé, aku mung padha angguguyu.

وَإِذَا لَقُوا۟ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ قَالُوٓا۟ ءَامَنَّا وَإِذَا خَلَوْا۟ إِلَىٰ شَيَٰطِينِهِمْ قَالُوٓا۟ إِنَّا مَعَكُمْ إِنَّمَا نَحْنُ مُسْتَهْزِءُونَ ﴿١٤﴾

Ut. *ngi-nakaké*

15 Allah bakal *males angguguyu*[27] wong-wong mau sarta

ٱللَّهُ يَسْتَهْزِئُ بِهِمْ وَيَمُدُّهُمْ

---

25. Anggènipun sami rumaos damel rahayu punika makaten: para lamis wau sami nyampuri golongan kalih-kalihipun. Nanging sajatosipun anggènipun makaten wau inggih mawi ngalap faédah sarana nanem wijining pasulayan lan wisuna wonten ing antawisipun sadaya golongan. Malah menggah ing sajatos-jatosipun para lamis wau tansah dados tuking wisuna, awit lahiripun sami anggolong dhateng para Muslimin, nanging sajatosipun tansah sami sekuthon nglawan para Muslimin lan ambiyantu mengsah-mengsahipun para Muslimin.

26. *Syayâthîn* utawi *sétan-sétanipun* punika ingkang dipun karsakaken *para kanca-kancanipun nunggil awon*, kados déné ingkang kasebutaken kanthi terang wonten ing ayat 76 makaten: "Sarta manawa padha ketemu karo wong kang padha angèstu, acalathu: Aku iki padha angèstu, déné yèn wis padha dhèwèkan siji lan sijiné padha calathu ….." salajengipun. Ing ngriku boten kasebutaken bilih sami piyambakan kaliyan *sétan-sétanipun,* nanging piyambakan kaliyan *tiyang sanès saking éwoning golonganipun.* IMsd ngandikakaken bilih ingkang dipun karsakaken *sétan-sétanipun* punika *panuntun-panuntunipun ing dalem kakafiran* (IJ). Teges ingkang makaten punika kaserat wonten ing margin. Kf lan Bd ngandika bilih *syayâthîn* utawi *sétan-sétanipun,* punika *para titiyang ingkang nyamèni sétan menggahing umedènipun lan anggènipun atindak duraka.* Sajatosipun ing basa Arab tembung *syaithân* (sétan) punika anggadhahi teges kados déné ingkang dipun terangaken déning A'UB: "*sawarnining tukang atindak gumedhé lan atindak duraka saking golonganipun jin, manusa lan sato kéwan*" (Rgh). Milanipun tembung wau kéngang-kénging kémawon kanggé nembungaken *tiyang ingkang ambeg gumedhé, sawer* lan sanès-sanèsipun.

27. Tembung *istihzâ'* ingkang kasebut ing ayat punika katerangaken déning Kf makaten: *Tegesipun, ngesoraken lan nginakaken; jalaran sedya ingkang katuju déning tukang anggugujeng, punika namung badhé nyapèlèkaken tiyang ingkang dipun gugujeng, sarta ngesoraken kawontenanipun, tuwin malih adamel camah lan asor piyambakipun.* Tembung "angguguyu," inggih punika

فِي طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُونَ ﴿١٥﴾

nyrantèkaké pandaluyané kanthi padha bingung mak-makan.

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ اشْتَرَوُا الضَّلَالَةَ بِالْهُدَىٰ فَمَا رَبِحَت تِّجَارَتُهُمْ وَمَا كَانُوا مُهْتَدِينَ ﴿١٦﴾

16 Yaiku wong kang padha nguyang sasar kalawan pituduh, mulané ora bathi dadagangané, sarta dudu wong kang manut dadalan kang bener.[28]

مَثَلُهُمْ كَمَثَلِ الَّذِي اسْتَوْقَدَ نَارًا فَلَمَّا أَضَاءَتْ مَا حَوْلَهُ ذَهَبَ اللَّهُ بِنُورِهِمْ وَ

17 Sanépané kaya sanépané wong kang ngurubaké geni,[29] ananging bareng wis madhangi sakukubané, Allah mundhut papadhangé wong-wong mau lan nilar wong-wong mau[30] ing jeroning

---

saminipun tembung “istihzâ” ing basa Arab, dipun tegesi: “nginakaké,” punika ngiyataken katerangan Kf wau. Nanging teges makaten punika namung kaserat wonten ing margin, déné teges ingkang kula anggé punika teges ingkang langkung dipun rujuki déning para paramèng basa, kadosta LA nerangaken makaten: “Ingkang makaten punika kénging, sarta punika malah kaanggep satunggaling katerangan ingkang langkung dipun rujuki déning para paramèng basa, inggih punika يستهزئ بهم ateges *Panjenengané bakal males dhèwèké kalayan siksa laras karo anggoné padha angguguyu*; dados siksaning awon kapangandikakaken kalayan katembungaken mawi maknanipun awon wau; tuladha sanèsipun malih wonten ing dalem sabdanipun Allah makaten جزاء سيئة سيئة مثلها (wantahipun: *wawalesing ala iki iya ala papadhané*), ing ngriku “ala” ingkang kaping kalih punika sanès *ala* saèstu (nanging siksa).” Manawi dipun cundhukaken kaliyan 6: 10 teges makaten punika saya langkung cetha malih “Lan sayekti temen para utusan ing sadurungira padha diguguyu, ananging apa kang padha diguguyu, anglimputi dhèwèké sing padha angguguyu.” Ing ngriku kapangandikakaken bilih siksaning anggugujeng punika: piyambakipun badhé kataman barang ingkang dipun gugujeng. Ing kitab-kitab Arab kathah tuladhanipun. AH nyebutaken kidung ing ngandhap punika:

الا لا يجهلن احد علينا ∴ فنجهل فوق جهل الجاهلينا

ingkang manawi dipun tegesi wantah makaten: *poma di poma aja ana wong kang atindak bodho marang aku kabèh, jalaran yèn mangkono aku kabèh mesthi iya atindak bodho, kalayan kabodhoan kang ngungkuli wong bodho*; ing ngriku ingkang dipun kajengaken: pidananipun tindak bodho. Dados awit saking punika, *Allah bakal males angguguyu* punika sampun leres.

28. Para titiyang wau sampun sami dipun paringi pitedah dhateng margi ingkang leres, nanging boten sami purun nganggé, mila sasar. Mila titiyang wau kapangandikakaken nukar sasar kaliyan pitedah, inggih punika ngurupaken satunggal kaliyan satunggalipun.

29. Ingkang ngurubaken latu punika Kanjeng Nabi, inggih punika ngurubaken oboring papadhang. Dipun riwayataken wonten hadits pangandika Nabi ingkang kawiwitan kalayan pangandika makaten: “Sanépaku iku kaya déné sanépané wong kang ngurubaké geni ……” (Bkh). Langkung-langkung suraosipun sanépa ingkang kados makaten punika cocog kaliyan sanépa satunggalipun, inggih punika jawah, ingkang para ngulami sami sarujuk punika minangka sanépanipun wahyuning Pangéran.

30. Papadhanging mripatipun ingkang pancènipun kénging dipun anggé ngalap paédah papadhang ingkang dipun urubaken déning Kanjeng Nabi kapundhut. Kasebutaken ing ngriki bilih ingkang mundhut papadhanging mripatipun punika Gusti Allah. Nanging Panjenenganipun wau sabab ingkang angka kalih, sanès sabab ingkang angka satunggal, ingkang nyababaken icaling paningalipun wau. Mirsanana katrangan angka 21 lan 24.

pepeteng lilimengan[31] – padha ora bisa andeleng:

تَرَكَهُمْ فِي ظُلُمٰتٍ لَّا يُبْصِرُوْنَ ﴿١٧﴾

18 Budheg, bisu, wuta,[32] mulané padha ora bisa bali.

صُمٌّۢ بُكْمٌ عُمْيٌ فَهُمْ لَا يَرْجِعُوْنَ ﴿١٨﴾

19 Utawa kaya déné udan deres (kang tumurun) saka mendhung,[33] kang ngemu peteng lilimengan sarta bledhèg tuwin kilat; wong mau padha nyumpelaké darijiné ing kupingé jalaran saka jumeblèsing bledhèg, awit saka wediné mati, lan Allah iku Kang-nglimputi wong-wong kafir.

اَوْ كَصَيِّبٍ مِّنَ السَّمَآءِ فِيْهِ ظُلُمٰتٌ وَّرَعْدٌ وَّبَرْقٌ يَجْعَلُوْنَ اَصَابِعَهُمْ فِيْٓ اٰذَانِهِمْ مِّنَ الصَّوَاعِقِ حَذَرَ الْمَوْتِ وَاللّٰهُ مُحِيْطٌۢ بِالْكٰفِرِيْنَ ﴿١٩﴾

20 Mèh baé kilat mau nyamber *pandelengé*; saben kapadhangan, ing kono padha lumaku, lan nalika kapetengan padha ngadeg anjejer; lan yèn ta Allah iku ngersakna, amesthi mundhut pangrunguné lan pandelengé; sayekti Allah iku marang samubarang kawasa.

يَكَادُ الْبَرْقُ يَخْطَفُ اَبْصَارَهُمْ كُلَّمَآ اَضَآءَ لَهُمْ مَّشَوْا فِيْهِ وَاِذَآ اَظْلَمَ عَلَيْهِمْ قَامُوْا وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ لَذَهَبَ بِسَمْعِهِمْ وَاَبْصَارِهِمْ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٢٠﴾

31. Tembung *dzulumât* punika *jama'*-ipun *dzulmah*, jawinipun *pepeteng.* Tembung *jama'* wau dipun agem perlu nedahaken pepeteng ingkang sanget, èmperipun kados déné pepeteng ingkang sapsapan makaten. Pramila ing ngriki tembung wau kula tegesi *pepeteng lilimengan*, murih cundhukipun kaliyan tembungipun *jama'.*

32. Bokmanawi ingkang dipun karsakaken déning sanépa punika para titiyang ingkang kasebut ing ayat 6. Milanipun sanépa ingkang sapisan wau kénging katumrapaken dhateng para titiyang wau, dados boten dhateng para lamis. Utawi inggih kénging kasuraos nyanépakaken para lamis ingkang sami ambeguguk ngutha waton wonten ing margi ingkang lepat lan boten purun ngalap paédah dhateng papadhang lan pitedah ingkang dipun ampil Kanjeng Nabi.

33. Tembung sama' punika tegesipun ingkang wantah péranganing sadaya barang ingkang inggil piyambak, mencit piyambak utawi ingkang luhur piyambak, sarta ateges langit, utawi méga (mendhung) (TA). Sama' punika tembung aran ingkang kénging dipun anggé jama' lan kénging dipun anggé mufrad (LL). Wonten ing sanépa wau jawah punika kanggé nyanépakaken wahyuning Pangéran. Pepeteng lan bledhèg kanggé nyanépakaken cobi, babaya lan kasusahan ingkang mesthi nyartani ing sumiyaripun yakti. Déné thathit nyanépakaken kasaénan (kasenengan) ingkang kala-kala sok dipun panggih ing salebetipun sami nandhang kasusahan lan rekaos. Inggih cobi lan rekaos punika ingkang dipun karsakaken wonten ing dhawuh: yèn padha kapetengan banjur padha ngadeg jejer. Ingkang makaten wau ugi kadhawuhaken wonten ing 22: 11 makaten: "Lan sawenèhing wong ana kang anggoné angabdi ing Allah adegé ana ing pepèrèng, dadi, manawa becik tumiba ing awaké, iku dadi maremé, lan manawa dhèwèke kataman coba, ambalikaké rainé." Rekaos lan kasusahan ingkang kasandhang déning para Muslimin nalika jaman Islam wiwitan, punika dados papalang ageng ingatasing sumiyaripun Islam lan ngunduraken titiyang ingkang ringkih manahipun, ingkang upamia wonten ing kawontenan ingkang saé, yekti sami remen anggolong dhateng golongan Islam.

RUKU' 3

Mahatunggalipun Pangéran

21, 22. Namung Pangéran piyambak ingkang kedah dipun kawulani. 23, 24. Panantang dhateng tiyang ingkang semang-semang dhateng wahyu (wedharing sabdanipun Pangéran). 25. Wohipun angèstu. 26, 27. Sanépanipun pangéran palsu sarta panduwanipun. 28. Pasaksèn saking dumadosipun manusa. 29. Samukawis punika katitahaken tumrap kabetahanipun manusa.

21 É, para manusa, padha ngabdia ing Pangéranira, kang wus nitahaké sira sarta para manusa sadurungira, darapon[34] sira padha kejaga (saka ing ala),

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ٱعْبُدُوا۟ رَبَّكُمُ ٱلَّذِى خَلَقَكُمْ وَٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿٢١﴾

Ut. *méga*, *payon*

22 Yaiku Kang wus andadèkaké bumi dadi anggon-palèrènan tumrap marang sira sarta *langit* dadi *wangon*,[35] apa déné (Kang) nurunaké banyu saka ing méga, banjur didamel ngetokaké wowohan dadi rejeki tumrap ing sira; mulané aja sira padha gawé sisihan tumrap marang Allah, jer sira rak padha weruh.

ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُمُ ٱلْأَرْضَ فِرَٰشًا وَٱلسَّمَآءَ بِنَآءً وَأَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَخْرَجَ بِهِۦ مِنَ ٱلثَّمَرَٰتِ رِزْقًا لَّكُمْ ۖ فَلَا تَجْعَلُوا۟ لِلَّهِ أَندَادًا وَأَنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٢٢﴾

34. Tembung *la'alla* punika tegesipun ingkang asli mengku suraos *pangajeng-ajeng*, nanging wonten ing pangandikanipun Pangéran, asring mengku suraos *mesthi* lan kénging dipun tegesi "satemené" (LL). Miturut AH, tembung *la'alla* ateges *kai*, jawinipun *supaya (darapon).* Dipun terangaken sababipun, bilih manawi tiyang ageng utawi tiyang berbudi nyukani *pengajeng-ajeng*, punika sampun boten wonten semang-semangipun malih piyambakipun mesthi sumedya nuhoni, dados tumrap piyambakipun tembung wau mengku suraos janji.

35. Kados déné ingkang sampun katerangaken ing katerangan angka 33, tembung *sama'* punika tegesipun ingkang asli: *panggènan ingkang inggil piyambak*, mila tembung wau kénging dipun tegesi langit, inggih punika wangwung ingkang gumelar ing sakubenging bumi tuwin ingkang katingalipun wonten ing nginggil lan ing sakubengipun mèmper kados déné plengkung ageng, sajak panggènan serapipun surya, rembulan tuwin lintang-lintang. Tembung *bina*' ateges *wangon* (LL) kalayan miturut suraosipun ingkang sakalangkung jembar, liripun sadhéngah yayasan utawi dadamelan ingkang dumados saking pépérangan ingkang kakempalaken dados satunggal manut tatanan ingkang tartamtu. Mila wonten ing pangandikanipun Kanjeng Nabi Sulaiman, tembung *bina'* punika dipun anggé nembungaken badaning manusa. Pangandika wau makaten: من هدم بناء ربه فهو ملعون jawinipun: *sing sapa ngrusak wangoné Pangérané dhèwèké mesthi bakal dila'nati;* suraosipun من قتل نفسا بغير حق jawinipun *sing sapa matèni wong kalawan ora bener* (I'As). Ing ngriki langit punika kasebut wangon, amargi punika yayasanipun Allah. Tembung *bina'* punika ugi dipun anggé kalayan mengku teges *payon* utawi *langitaning* griya, lah makaten ugi tembung wau kasebut kanggé nembungaken langit biru ingkang wiyar ing sanginggil kitha punika. Nanging perlu ugi dipun terangaken bilih tembung *sama'* punika inggih dipun anggé kalayan mengku suraos sanès-sanèsipun ingkang mawarni-warni. *Sama'* ateges *mendhung (méga)* punika asring sanget dipun anggé, malah ing ayat punika ugi mengku teges wau, bab punika dipun kiyataken déning dhawuh candhakipun.

Ut. *rowangira*

23 Lan manawa sira ana ing sajroning semang marang apa kang wus Ingsun dhawuhaké marang kawula-Ningsun, lah ta mara gawéa sa-ebab baé kang madhani iku,[36] lan nyambata *panuntunira* saliyané Allah, manawa sira nyata padha temen.[37]

وَإِن كُنتُمْ فِي رَيْبٍ مِّمَّا نَزَّلْنَا عَلَىٰ عَبْدِنَا
فَأْتُوا بِسُورَةٍ مِّن مِّثْلِهِ وَادْعُوا شُهَدَاءَكُم
مِّن دُونِ اللَّهِ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿٢٣﴾

24 Ananging, manawa sira padha ora nindakaké – lan ora pisan sira bakal padha nindakaké – lah di ngati-ati sira marang geni kang urub-urubé manusa lan watu;[38] iku disadhiyakaké marang para kafir.

فَإِن لَّمْ تَفْعَلُوا وَلَن تَفْعَلُوا فَاتَّقُوا النَّارَ الَّتِي
وَقُودُهَا النَّاسُ وَالْحِجَارَةُ أُعِدَّتْ لِلْكَافِرِينَ ﴿٢٤﴾

---

36. Panantang ingkang kados makaten punika ugi kasebut ing 10: 38, saha wonten ing 11: 13 para ingkang sami semang-semang dipun tantang supados sami damel surat sadasa ingkang kados makaten, tuwin ing 17: 88 kasebutaken saindhenging kamanusan boten badhé saged damel kitab kados déné Kitab Quran. Punapa namung margi prakawis saéning ukara miwah saéning pangiketipun kémawon? Kitab Quran piyambak boten mangandikakaken makaten sarta Hadits pangandika Nabi inggih boten wonten ingkang mangandikakaken makaten punika. Déné prakawis Kitab Quran dados babaraning kasusastran Arab ingkang linangkung tur boten wonten ingkang ngungkuli, sarta ingkang tansah kaanggep dados tutungguling kamurnènipun kasusastran Arab, punika sampun cetha. Nanging kalangkunganipun Quran ingkang ageng piyambak, ingkang boten wonten kitab sanèsipun ingkang nyamèni, punika kawasanipun damel éwah-éwahan tuwin pambangunan ingkang angédap-édapi. Inggih kalangkungan punika ingkang kadhawuhaken wonten ing wiwitaning dhawuh Quran makaten: "Kitab iki – ora ana semangé ing jeroné – pituduh tumrap para kang padha bekti." Éwah-éwahan ingkang dipun wontenaken déning Quran boten wonten ingkang nyamèni wonten ing babading donya sarta dipun akeni déning sadaya fihak, jalaran manawi Kanjeng Nabi punika "wonten ing antawisipun sadaya nabi tuwin para gugununganipun agami, ingkang ageng piyambak" (*En. Br. cap-capan kaping II bab Koran*), agenging kasilipun wau, boten wonten sanès sababipun kajawi inggih awit saking Quran punika. Dhawuh-dhawuhipun Quran kawasa nyirnakaken piawon warni-warni ingkang sampun ngoyod, kadosta: panyembah brahala tuwin kasukan minum, ngantos boten wonten tilas-tilasipun malih wonten ing jazirah Arab, saha kawasa ngempalaken bangsa Arab ingkang remen peperangan punika kadadosaken bangsa satunggal, sarta saged ambangun bangsa ingkang bodho kadadosaken tukang nyepeng oboring ngèlmu tuwin kawruh. Kajawi punika, saben tembung, dhawuh Quran punika tansah anggelaraken kamulyan saha kaluhuruanipun Pangéran, kanthi lampah ingkang boten saged dipun samèni déning kitab suci sanès-sanèsipun. Dados dumugi ing dinten punika panantangipun Quran wau tetep dèrèng naté wonten ingkang saged minangkani.

37. Tembung *syuhadâ'* ingkang dipun tegesi *rowang* utawi *panuntun*, punika *jama'*-ipun tembung *syahîd,* tegesipun *tiyang ingkang nyukani katrangan ing sadaya prakawis ingkang sampun dipun sipati,* utawi *tiyang ingkang nyumerepi lan nglahiraken punapa ingkang sampun dipun sumerepi wau,* utawi *tiyang ingkang kasinungan kawruh kathah sanget* (LL). *Syahîd* ugi ateges *imam* utawi *panuntun* (Rz), utawi ing ngriki ateges *rowang* (Bd).

38. Ingkang dipun jarwani *watu* punika tembung *al-hijârah, jama'*-ipun tembung *hajar*. Mila dipun namakaken makaten awit séla punika gadhah daya nahan margi saking atosipun (tembung kriya *hajara* anggadhahi teges *nahan, ngalang-alangi, ngawisi* lan sasaminipun) (LL). Tembung *watu* ing ayat punika limrahipun dipun suraos *brahala* ingkang sami dipun sembah déning bangsa Arab, awit dalasan séla wungkul pisan tarkadhang inggih sok dados sesembahanipun bangsa wau. *Nâr* utawi *latu*, punika tumrapipun bangsa Arab dados pasemonipun peperangan, bab punika ugi kaseksèn déning Quran

25 Lan wartanana becik para kang padha angèstu lan nglakoni panggawé becik, yèn bakal padha olèh taman, kang ing *jeroné* kaliné padha mili;[39] saben pinaringan pangan wowohané ing kono sathithik,[40] padha ngucap: Iki kang kaparingaké aku dèk anu kaé; sarta padha diladèni kang saèmper iku;[41] apa déné ana ing kono padha olèh jodho kang padha suci[42] sarta padha ana ing kono olèhé manggon.

وَبَشِّرِ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ أَنَّ لَهُمْ
جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۖ كُلَّمَا رُزِقُوا
مِنْهَا مِنْ ثَمَرَةٍ رِزْقًا ۙ قَالُوا هَٰذَا الَّذِي
رُزِقْنَا مِنْ قَبْلُ ۖ وَأُتُوا بِهِ مُتَشَابِهًا ۖ وَلَهُمْ
فِيهَا أَزْوَاجٌ مُطَهَّرَةٌ ۖ وَهُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿٢٥﴾

piyambak. "*Samangsa padha ngurubaké genining paperangan, iku Allah kang nyirep*" (5: 64). Dados saged ugi ingkang dipun sasmitakaken ing ngriki punika brahala-brahala tuwin tiyang sami sirna nalika merangi Kanjeng Nabi, minangka pasaksèn ing wontenipun siksa ingkang badhé andhawahi piyambakipun bénjing ing gesang sasampunipun pejah. Nanging tembung *hijârah* punika ugi gadhah teges sanès. Miturut LA manawi tiyang katempuh déning *tiyang ingkang anggigiris,* punika lajeng katembungaken: "Wong iku ditempuh kalawan *hajar-é bumi*." Nalika Sayidina Mu'awiyah matah 'Amr bin 'Ash dados salah satunggaling jurumisah kakalih ingkang tinanggenah supados suka pancasan bab pasulayanipun Sayidina Mu'awiyah kaliyan Bagéndha 'Ali, Ahnaf matur dhateng Bagéndha 'Ali makaten قد رمين بحجر الارض *Tiyang ingkang wicaksana, linangkung lan wasis pinatah nempuh ing panjenengan* (LL). Awit saking punika, mila saged ugi ingkang dipun karsakaken kalayan tembung *hijârah* wau para *panuntun*, ingkang sampun kadhawuhaken ing ayat ingkang sampun.

39. "Taman kang ing ngisoré kaliné padha mili," punika gagambaran ingkang asring pinanggih wonten ing dalem Quran kanggé anerangaken gesangipun para titiyang tulus ing bénjing. Ing panggènan sanès, kalimahing iman ingkang suci, punika dipun sanépakaken kados déné tataneman ingkang tansah angedalaken wohipun ing sadhéngah wekdal (14: 24). Dados iman makaten kados déné wiji ingkang katanem wonten ing siti, saged semi dados taneman sarta ngedalaken wohipun, manawi kaupakara punapa mesthinipun. Lèpèn punika nyanépakaken pandamel ingkang saé, inggih punika kaperluan ageng tumrap thukulipun wiji. Kajawi punika ugi mengku sasmita bab badhé kamenanganipun para Muslimin; bab punika kula aturi mirsani 2419.

40. *Rizq* punika ugi ateges *hadzdz, panduman* utawi *pérangan* (LL). Wowohan ing gesang sasampunipun pejah, punika wohing pandamel ingkang katindakaken ing nalika gesang sapunika punika.

41. Bokmanawi ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika makaten: Manawi para mukmin kadhawuhan ngicipi sapéranganing wohing pandamelipun ingkang saé bénjing ing gesang ingkang badhé dhateng, para titiyang wau sami badhé nyipati wowohan wau mèmper sanget kaliyan wowohan ingkang sampun dipun raosaken déning jiwanipun nalika wonten ing gesang sapunika punika, ngantos para titiyang wau lajeng sami nginten bilih inggih wowohan wau ingkang kaparingaken malih. Awit wowohan ing gesang ingkang badhé dhateng punika badhé ngèmperi kaliyan wowohan ruhani ing gesang sapunika punika. Utawi هذا الذى رزقنا من قبل punika ateges: *Iki kang wis dijanjèkaké marang aku kabèh biyèn,* déné *kang saèmper iku* punika kénging dipun suraos bilih wohing pandamelipun punika mèmper kaliyan pandamelipun wau.

42. *Jodho kang suci* punika saged ugi para sémahipun para mukmin ingkang ugi mukmin, kados déné ingkang kapangandikakaken ing panggènan sanès: "Dhèwèké sarta para jodhoné padha ana ing èyuban, linggih ing ambèn dhuwur aléléyangan" (36: 56). Nanging ingkang cepak kémawon saged ugi punika éwonipun nugraha wonten ing gesang kasuwargan ingkang badhé dipun paringaken, sami ugi dhateng tiyang jaler lan dhateng tiyang èstri. Kawontenanipun nugraha punika ingkang sajatos, katerangaken ing panggènan sanès, nalika nerangaken tembung *hur* ing 2356. Nanging perlu ugi

26 Sayekti Allah ora lingsem adamel sadhéngah sanépa[43] – kayata lemut utawa sabarang *sadhuwuré*; wondéné wong kang angèstu, padha weruh, yèn iku temen kasunyatan saka Pangérané, lan wong kang kafir padha ngucap: Apa ta karsaning Allah ngagem sanépa iki? Iku diagem nasaraké ing akèh sarta diagem nuntun ing akèh, lan ora diagem nasaraké (wong siji-sijia) kajaba wong kang padha murang yakti.[44]

Ut. *sangi-soré*

إِنَّ اللّٰهَ لَا يَسْتَحْيٖٓ اَنْ يَّضْرِبَ مَثَلًا مَّا بَعُوْضَةً
فَمَا فَوْقَهَا ؕ فَاَمَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا فَيَعْلَمُوْنَ اَنَّهُ
الْحَقُّ مِنْ رَّبِّهِمْ ۚ وَاَمَّا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا فَيَقُوْلُوْنَ
مَاذَآ اَرَادَ اللّٰهُ بِهٰذَا مَثَلًا ۘ يُضِلُّ بِهٖ كَثِيْرًا ۙ وَّ
يَهْدِيْ بِهٖ كَثِيْرًا ؕ وَمَا يُضِلُّ بِهٖٓ اِلَّا الْفٰسِقِيْنَ ﴿٢٦﴾

katerangaken ngriki bilih sadaya nugraha wonten ing salebetipun gesang kasuwargan, punika miturut pangandikanipun Kanjeng Nabi "barang kang durung tau dideleng ing mripat, durung tau rinungu ing kuping lan durung tau kumrenteg ana ing atiné manusa." Awit saking punika dhawuh-dhawuh ing Quran ingkang nerangaken nugraha wau, punika sampun dipun lugokaken sanget-sanget anggènipun nyuraos.

43. Sanépa ingkang kadhawuhaken ing ngriki, punika bokmanawi sanépa ingkang nerangaken ringkihipun sesembahan palsu, kados déné sanépa kamlandingan ingkang kapangandikakaken ing 29: 41: "Sanépané para kang padha ngalap pangayoman saliyané Allah iku kaya déné sanépané kamlandhingan kang gawé omah; lan sayekti, ringkih-ringkihing omah iku omah kamlandhingan – lamun ta padha weruha" lan kados déné sanépa *laler* ingkang kadhawuhaken wonten ing 22: 73: "É, para manusa! sawijining sanépa wis digelar, mulané padha sira rungokna. Sayekti kang padha sira uwuh kang saliyané Allah, iku padha ora bisa agawé laler siji, sanajan padha golong anandangi, apa déné saupama si laler iku anggondhol apa-apa saka dhèwèké, iku ora padha bisa anjabel; apes kang anguwuh lan kang diuwuh."

Ing ngriki sanès kamlandhingan lan laler, nanging lemud ingkang kasebutaken, jalaran *ba'udlah* utawi *lemud* punika wonten ing antawisipun bangsa Arab kadamel sekar lathi titah ingkang apes, mila mawi badhé nerangaken punapa-punapa ingkang sakalangkung apes, wicantenipun اضعف من بعوضة jawinipun: *luwih apes katimbang lemud*.

44. Ayat punika saged suka katerangan ingkang cetha, Allah nasaraken manusa punika kados pundi. Gusti Allah boten nuntun manusa dhateng sasar lan boten nedahaken ing manusa dhateng margi ingkang lepat utawi boten meksa ing manusa supados sami lumampah ing margi ingkang sasar. Nanging manawi manusa punika dados tiyang ingkang murang-yakti, inggih punika, langkah saking wates, lan inggih makaten punika ingkang nama Alllah nasaraken ing manusa. Dados: Gusti Allah nasaraken manusa, punika menggah ing sajatos-jatosipun sami kaliyan anggèning Panjenenganipun andhawahaken pancasan dhateng manusa bilih sami dumunung wonten ing sasar, jalaran ing ayat ngriku sampun kasebutaken kanthi terang, bilih Panjenenganipun boten nasaraken satunggaling tiyang, kajawi manawi tiyang wau pancèn dados tiyang murang-yakti. Tembung *adlalla* punika wonten ing basa Arab kanggènipun kalayan mengku suraos kados makaten wau, kados déné ingkang kasebut ing kidungipun Tarfa ومازال شربى الراح حتى اضلنى صديقي وساءنى بعض ذالكا Nitik suraosipun tembung اضلنى صديقى ing dalem kidung punika, ateges *kancaku ngarani aku dumunung ana ing sasar.* Gagandhèngan kaliyan bab punika, ing salajengipun kaèngetana: sapisan, ing ngriki katerangaken bilih Allah boten anasaraken satunggaling tiyang, kajawi tiyang ingkang murang-yakti; makaten ugi ing panggènan sanès kadhawuhaken bilih ingkang sami dipun sasaraken déning Gusti Allah, punika *tiyang ingkang atindak dédé* (14: 27), *tiyang ingkang nglangkungi wates* (40: 34) lan *tiyang kafir* (40: 74). Kaping kalih, ingkang nuntun dhateng sasar punika sétan (28: 15 lsp.) utawi

27 Yaiku kang padha nyulayani janjining Allah sawusé dikukuhaké, sarta medhot barang kang wus kadhawuhaké déning Allah supaya disambunga, apa déné agawé wisuna ana ing bumi; yaiku wong kang padha kapitunan.

الَّذِينَ يَنْقُضُونَ عَهْدَ اللَّهِ مِنْ بَعْدِ مِيثَاقِهِ
وَيَقْطَعُونَ مَا أَمَرَ اللَّهُ بِهِ أَنْ يُوصَلَ وَيُفْسِدُونَ
فِي الْأَرْضِ ۚ أُولَٰئِكَ هُمُ الْخَاسِرُونَ ﴿٢٧﴾

28 Kapriyé ta déné sira padha kafir ing Allah, ing mangka sira iku mauné padha mati, banjur Panjenengané anguripaké ing sira? Tumuli bakal matèni ing sira, banjur anguripaké ing sira nuli sira bakal padha dibalèkaké marang Panjenengané.

كَيْفَ تَكْفُرُونَ بِاللَّهِ وَكُنْتُمْ أَمْوَاتًا فَأَحْيَاكُمْ ۖ
ثُمَّ يُمِيتُكُمْ ثُمَّ يُحْيِيكُمْ ثُمَّ إِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٢٨﴾

29 Panjenengané iku kang wus anitahaké samubarang kang ana ing bumi kabèh tumrap ing sira, sarta[45] Panjenengané tumuju marang langit, wasana nyampurnakaké iku dadi langit pitu,[46] lan

هُوَ الَّذِي خَلَقَ لَكُمْ مَا فِي الْأَرْضِ جَمِيعًا
ثُمَّ اسْتَوَىٰ إِلَى السَّمَاءِ فَسَوَّاهُنَّ سَبْعَ

---

ingkang anjalari manusa lumampah wonten ing sasar, punika para panuntuning umat ingkang bodho-bodho (6: 120, 41: 29 lsp.). Dados *idllâl,*utawi *nasaraken* ingkang mengku suraos nuntun dhateng sasar, punika boten kénging katumrapaken dhateng Gusti Allah, jalaran nasaraken ingkang mengku suraos nuntun dhateng sasar, punika katumrapaken dhateng sétan.

45. Tembung *tsumma* (ingkang ing ngriki dipun tegesi *sarta*) punika limrahipun mengku teges *nuli* utawi *banjur*, lan punika tembung pangiket (panggandhèng) ingkang mengku suraos tumruntun. Nanging kathah sanget tuladha bab panganggénipun tembung wau wonten ing basa Arab, ingkang boten mengku teges tumruntun. LL nalika nerangaken ingkang makaten wau mawi nyebutaken dhawuh ing 39: 6 ingkang mungel خلقكم من نفس واحدة ثم جعل منها زوجها ingkang ing ngriku terang bilih tumitahipun sadaya manusa saking jiwa satunggal, punika menggah ing urut-urutanipun boten langkung rumiyin katimbang lan tumitahipun jodho. Wonten tuladha sanèsipun malih ingkang kasebutaken, inggih punika pawincantenan Arab limrah: اعجبني ما صنعت اليوم ثم ما صنعت أمس اعجب jawinipun: *apa kang kotindakaké ing dina iki agawé gumunku, banjur (éwadéné) apa kang kotindakaké dhèk wingi iku luwih anggumunaké banget.* Ing ngriki mawi tembung *tsumma*, sanajan barang ingkang katindakaken kala wingi punika langkung rumiyin katimbang lan ingkang dipun tindakaken ing dinten punika (LL). Tembung *tsumma* ing ayat punika sami kaliyan tembung *tsumma* ing ukara pawicantenan wau, inggih punika lugu tembung pangiket, boten mengku suraos tumruntun urut-urutan. Awit saking punika mila lajeng kula tegesi *sarta*, jalaran tumrapipun ing ayat ngriki inggih teges punika ingkang cèples piyambak. Miturut Akh tuwin wawaton sanès-sanèsipun malih, tembung *tsumma* punika asring anggadhahi teges *wa*, jawinipun *sarta* (LL). Pratélan bumi katitahaken sasampunipun langit, kateranganipun mirsanana 79: 30.

46. Bab tumitahing ngalam donya ingkang miturut piwulangipun Quran, tangèh lamun saged katerangaken wonten ing tafsir ingkang rupek punika. Éwadéné manawi namung ular-ularan kémawon saged katerangaken sawatawis wonten ing ngriki. Sapisan, kaèngetana langkung rumiyin bilih tembung *sab'a*, ingkang wonten ing basa Arab ateges cacah pitu, "punika ugi dipun anggé kalayan cara ingkang

Panjenengané iku marang samubarang mahawikan.

سَمٰوٰتٍ ۚ وَهُوَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ﴿٢٩﴾

RUKU' 4

Jembaring kasantikanipun manusa

30. Luhuring lenggahipun manusa wonten ing jagad. 31-33. Jembaring kasantikanipun nampi kawruh. 34. Kakiyatan saé lan kakiyatan awon. 35. Dipun awisi celak-celak wit. 36. Kénging cobining piawon dados ical tentreming manah, sarta memengsahan anglimputi bumi. 37. Mratobat ingkang mangsulaken dhateng wilasanipun Pangéran. 38, 39. Ingkang sami anut ing yakti badhé manggèn ing katentreman, nanging ingkang nglirwakaken, badhé manggèn ing kasangsaran.

30 Lan nalikané Pangéranira ngandika marang para malaikat:[47]

وَإِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلٰٓئِكَةِ إِنِّي جَاعِلٌ فِي الْأَرْضِ

---

boten gumathok, kadosta ateges *pitu*, utawi *langkung, warni-warni,* utawi *kathah*, kados déné kateranganipun Bd ing 9: 80 (LL). Miturut LA saminipun tembung Arab cacah *pitu, pitung dasa,* lan *pitung atus,* punika sadaya déning tiyang Arab dipun anggé kanggé nembungaken wilangan ingkang kathah: *pitu* lan *pitung dasa* banjur *pitung atus* punika asring kasebut wonten ing Quran saha hadits pangandika Nabi, sarta déning bangsa Arab dipun anggé nembungaken wilangan ingkang kathah tuwin kathah sanget." Makaten ugi Az nerangaken tembung *sab'ina,* ingkang jawinipun *pitung dasa*, kados déné ingkang kasebut ing 9: 80 punika "dipun anggé kanggé nembungaken wilangan ingkang kathah lan kathah sanget, boten nedahaken cacah ingkang trep," dados, (lah makaten pangandikanipun Az wau) tegesipun dhawuh ان تستغفر لهم سبعين مرة punika makaten: *sanajan sira tansah nyuwunaké pangapura marang dhèwèké* (LA), inggih punika dipun tegesi *tansah*, boten dipun lugokaken 70, awit punika suraosipun tembung *sab'ina* ingkang sajatos. Awit saking punika mila langit pitu punika kénging ugi dipun tegesi langit ingkang kathah sanget cacahipun. Kaping kalih, tegesipun tembung *sama'*, ingkang asuraos samukawis ingkang katingal ing *sanginggil* kita, punika sampun ngantos dipun supèkaken. Rgh nyethakaken teges wau makaten: "Satunggal-tunggaling *sama'* utawi langit, punika langit manawi katumrapaken dhateng barang ing sangandhapipun, saha nama bumi manawi katumrapaken dhateng barang ing sanginggilipun." Kaping tiganipun, ing 65: 12 kasebutaken, rèhning langit punika pitu mila bumi inggih wonten pitu; punika cocog kaliyan panyuraos kasebut nginggil. Kaping sekawan, langit pitu, punika ugi naté kasebut margi pipitu (23: 17). Miturut panyuraos punika dados buwengan lampahipun (falakipun) satunggaling lintang utawi planit, punika inggih kénging kawastanan langitipun. Malah yektinipun panyuraos punika saged mewahi saya terangipun suraosing dhawuh ing 65: 12, jalaran satunggal-tunggaling bumi pitu punika lajeng gadhah langit piyambak-piyambak. Dados, bumi pitu, kawewahan bumi ingkang kita enggèni punika, punika dados planitipun *solar system* kita cacah wolung iji, ingkang enggel-enggel lan ingkang baku-baku. Utawi langit pitu punika kénging dipun suraos sadaya makhluk bangsaning lintang. Lah manawi mawi panyuraos punika, ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika lintang pitu ingkang ageng-ageng ingkang saged tiningalan ing nétra-kapala.

Saprakawis malih perlu pinèngetan ing ngriki, inggih punika, *sama*' utawi *langit*, punika wonten ing 41: 11 kasebut *dukhân*, jawinipun *kukus* utawi *uwab.*

47. Ing basa Arab, malaikat punika tembungipun *malâikah*, inggih punika *jama'*-ipun tembung *malak*. Kacariyos bilih tembung wau asal saking tembung *malak* ingkang ateges *panguwaos* utawi kakiyatan, jalaran malaikat punika titahing Pangéran ingkang nindakaken karsanipun Pangéran, kénging winastan malaikat punika titahing Pangéran ingkang tinanggenah ngreksa sarupining daya kakiyatan ingkang tumindak ing ngalam donya punika. Utawi asal saking tembung *alukah* (*mufrad*-ipun: *mal'ak*, saking kelanturing tembung *ma'lak*), tegesipun: *risalah,* jawinipun *ngampil ayahan,* awit para malaikat wau titah ingkang padamelipun dados juru-pantawis antawisipun Allah lan manusa (IJ).

Ut. *tanah*	Sayekti Ingsun lagi arsa gawé wong kang maréntah[48] ana ing *bumi,*[49] padha munjuk: Punapa Tuwan badhé adamel tiyang ingkang badhé adamel wisuna ing ngriku sarta mutahaken rah,[50] ing mangka kawula punika sami amulyakaken kalayan puji Tuwan saha angluhuraken kasucian Tuwan.[51]	خَلِيْفَةً ؕ قَالُوْٓا اَتَجْعَلُ فِيْهَا مَنْ يُّفْسِدُ فِيْهَا وَيَسْفِكُ الدِّمَآءَ ۚ وَنَحْنُ نُسَبِّحُ بِحَمْدِكَ وَ

Dados teges asli warni kalih wau mengku suraos nyebut padamelan ingkang baku, ingkang katindakaken déning para malaikat. Bab prakawis wontenipun juru-pantawis ingkang makaten wau, sampun dipun akeni déning para titiyang tulus ing sadaya jaman lan sadaya nagari. Bab sanès-sanèsipun ingkang gagandéngan kaliyan pandamelipun para malaikat, badhé dipun rembag wonten ing papanipun piyambak-piyambak.

Nitik sadaya ingkang sampun katerangaken ing nginggil bab pandamelipun para malaikat, tétéla manawi Gusti Allah ngandika dhateng para malaikat, punika menggah ing sajatos-jatosipun wedharing karsa, ingkang kedah katindakaken déning para malaikat wau. Dados boten teka lugu ngandika utawi imbal wacana utawi ngandika saraséhan kaliyan para malaikat, punika boten; wangsul punika wedharing karsanipun Pangéran dhateng para makhluk juru-pantawis wau, tur ingkang sami tinanggenah nindakaken punika déning Pangéran. Prayogi dipun terangaken pisan bilih para malaikat ing ngriki, punika ingkang dipun karsakaken inggih para malaikat ingkang kaprasahan bab prakawis punika, dados boten sadaya malaikat ing sajagad (IJ).

48. Tembung *ardl* punika kénging dipun tegesi *bumi* utawi *sadhéngah tanah* utawi *nagari* ingkang tartamtu. Tegesipun tembung *ardl* ingkang kantun wau kasebut wonten ing panggènan sanès ing Quran Suci, malah sawenèh ngulami wonten ingkang nyuraos tembung *ardli* ing ngriki tanah Makkah (Rz).

49. Punika nedahaken manawi manusa punika pinasthi langkung luhur ngungkuli sagung dumados. Tembungipun ingkang asli, *khalîfah* (saking tembung *khalafa,* jawinipun *ngantuni* utawi *dhateng* utawi *anggentosi tiyang sanès ingkang sampun boten wonten* utawi *ingkang sampun pejah*), punika tegesipun ingkang asli: *gegentos,* mila lajeng mengku teges: *ingkang ngasta pepréntahan ingkang minulya* utawi *ingkang ageng piyambak, ingkang anggentosi palenggahanipun tiyang ingkang sadèrèngipun* (TA-LL). Tembung Jawi "Kalipah" punika inggih tembung wau, ateges: *susulihipun Kanjeng Nabi.* IMsd saha I'Ab nerangaken bilih tembung khalifah punika tegesipun *tiyang ingkang mancasi* utawi *maréntah titahipun Allah kanthi idin-Ipun* (IJ). Sagaduking panyuraos kula, sadaya ingkang kasebutaken wonten ing dhawuh ngriki, punika dapur istingarah (entar), ingkang ngisarahi bilih manusa wonten ing bumi punika sinung panguwaos ngungkuli sagung dumados, salajengipun ngisarahi bilih Gusti Allah badhé anjumenengaken kawula-Nipun ingkang tulus saking éwonipun para manusa wau, supados nuntun tiyang sanès dhateng margi ingkang leres. Satengah saking anggènipun nyuraos para mufassirin ing tembung *khalifah* wau: *tedhak turunipun Adam* (Az), inggih punika *manusa sadaya.* Pamanggih punika leres, sarta dipun kiyataken déning Quran piyambak, ingkang andhawuhaken, tumuju dhateng sadaya manusa, makaten: "Panjenengané iku kang wus amisuda sira dadi pamaréntahing bumi" (6: 166); tembung ingkang kagem mangandikaken "*pamaréntah*" punika *khalaif*, inggih punika *jama'*-ipun tembung *khalifah.* Dados ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika sadaya manusa. Dhawuh-dhawuh ingkang nerangaken bab Adam kasebutaken wonten ing 2: 30-39, saha ing 3: 58, 4: 11-25, 15: 28-44, 17: 61-65, 18: 50, 20: 115-124, tuwin ing 38: 71-85. Manawi ngarsakaken katerangan ingkang langkung panjang, kula aturi mirsani tafsiripun dhawuh-dhawuh wau.

50. Bokmanawi ingkang dipun karsakaken wonten ing dalem pitakènan punika gambaripun sagung para manusa ingkang peteng (awon). Kepéngin maréntah, punika adhakanipun murugaken manusa damel wisuna wonten ing bumi tuwin mutahaken rahipun sasamining manusa.

51. *Tasbih,* utawi mahasucèkaken ing Pangéran, punika sajatosipun ateges *angundhangaken bilih Panjenenganipun punika suci saking cacad,* utawi *saking rereged*, utawi *saking sadaya samukawis ingkang nyudakaken ing kaluhuran-Ipun* (LL). Déné para malaikat sami angundhangaken mahasuci-

Pangandikané: Ingsun iki mahawikan ing barang kang sira padha ora weruh.

نُقَدِّسُ لَكَ ۖ قَالَ إِنِّيٓ أَعْلَمُ مَا لَا تَعْلَمُونَ ۝٣٠

Ut. *aran*

31 Lan Panjenengané ameruhaké Adam[52] ing sawarnaning *barang*,[53] banjur dipintokaké marang para malaikat; tumuli ngandika: Mara Ingsun kandhanana arané kabèh iku, manawa nyata sira iku padha temen.[54]

وَعَلَّمَ ءَادَمَ ٱلْأَسْمَآءَ كُلَّهَا ثُمَّ عَرَضَهُمْ عَلَى ٱلْمَلَٰٓئِكَةِ
فَقَالَ أَنۢبِـُٔونِى بِأَسْمَآءِ هَٰٓؤُلَآءِ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ۝٣١

32 Padha munjuk: Mahasuci Tuwan punika. Kawula sami boten gadhah seserepan, kajawi ingkang sampun Tuwan paringaken sumerep ing kawula. Saèstu Tuwan punika Ingkang-ngudanèni, Ingkang-wicaksana.

قَالُوا۟ سُبْحَٰنَكَ لَا عِلْمَ لَنَآ إِلَّا مَا عَلَّمْتَنَآ ۖ إِنَّكَ
أَنتَ ٱلْعَلِيمُ ٱلْحَكِيمُ ۝٣٢

---

nipun Pangéran, punika ateges bilih cacad boten saged dipun sifataken dhateng Panjenenganipun, kadosta Panjenenganipun ngantos kapareng damel tiyang maréntah wonten ing bumi, tiyang ingkang boten sanès pandamelipun kajawi namung muntahaken rah, ingkang lajeng nama langkung kathah awonipun katimbang kaliyan saénipun. Kosokwangsulipun, mutahaken rah, punika wonten masakalanipun sok perlu kanggé ngusadani awon tuwin kanggé nyirnakaken panganiaya.

52. Ing ngriki punapa déné ing panggènan sanès ing Quran Suci, boten wonten ingkang nerangaken bilih Adam punika kawitaning manusa, sarta boten wonten ingkang nerangaken bilih ing sadèrèngipun Adam boten wonten titahing Pangéran, makaten ugi boten wonten ingkang nerangaken bilih wiwit tumitahipun manusa punika sareng Adam sampun wonten, saha boten wonten ingkang nerangaken bilih tumitahipun bumi punika saweg nalika nem èwonan taun kapengker.

53. Nalika nerangaken tembung *asma'*, ingkang tegesipun wantah *aran* (inggih punika *jama'*-ipun tembung *ism*) Rz ngandika makaten: "Panjenenganipun mulang ing Adam sifat-sifatipun sadaya barang, kawontenanipun tuwin wawatekanipun, jalaran sifat-sifatipun satunggaling barang, punika ingkang nedahaken kawontenan ingkang sajatos barang wau." Awit saking punika dados Adam kaparingan ngèlmunipun sadaya barang, punika ateges bilih Adam punika sinung kasantikan ingkang sakalangkung jembar tuwin kawruh ingkang linuhung ngungkuli para malaikat sadaya. Utawi, saged ugi ingkang dipun karsakaken punika anggènipun saged wicantenan, awit punika jatos-jatosing tukipun kamulyaning manusa ngungkuli titah sadaya punika. Inggih ing babagan punika ugi, ingkang kadhawuhaken déning Quran wonten ing sanès panggènan, makaten: "Panjenengané anitahaké manusa, amulang dhèwèké caraning anyethakaké." Mirsanana katrangan angka 2405, inggih punika katranganipun dhawuh ing 55: 3, 4.

54. Manusa punika saged dados tukang damel wisuna lan tukang mutahaken rah. Nanging piyambakipun punika ing atasing kawruh kasinungan kasantikan ingkang linuhung; mila panganggepipun para malaikat dhateng manusa, ingkang namung nyawang dhateng péranganing gambaripun ingkang peteng, punika sanès panganggep ingkang leres. Saged ugi manusa punika kadunungan awon, nanging saénipun menang anyrambahi.

Kapèngetana bilih tembung *sidq* (ingkang wantahipun ateges *temen*) punika terkadhang sok ateges *shawâb*, jawinipun *leres*, boten prabéda kalayan tembung *kidhb* (tegesipun ingkang lugu: *gogorohan*), punika tarkadhang inggih sok ateges *khathâ'*, jawinipun: *lepat* (Rz).

33 Panjenenganè ngandika: É, Adam, padha sira kandhanana arané (barang-barang) iku. Bareng wis padha dikandhani aran-aran, (Allah) ngandika: Apa Ingsun ora wis ngandika marang sira, yèn Ingsun iki ngudanèni ing wawadining langit-langit lan bumi sarta ngudanèni barang kang padha sira lahiraké lan barang kang padha sira singidaké?[55]

قَالَ يَـٰٓـَٔادَمُ أَنۢبِئْهُم بِأَسْمَآئِهِمْ ۖ فَلَمَّآ أَنۢبَأَهُم
بِأَسْمَآئِهِمْ قَالَ أَلَمْ أَقُل لَّكُمْ إِنِّىٓ أَعْلَمُ غَيْبَ
ٱلسَّمَـٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَأَعْلَمُ مَا تُبْدُونَ وَمَا
كُنتُمْ تَكْتُمُونَ ﴿٣٣﴾

Ut. *bektia (ing Allah) karana Adam iku*

34 Lan nalikané Ingsun ngandika marang para malaikat: Padha *sumungkema marang Adam*,[56] ban-

وَإِذْ قُلْنَا لِلْمَلَـٰٓئِكَةِ ٱسْجُدُوا۟ لِـَٔادَمَ فَسَجَدُوٓا۟ إِلَّآ

55. Dhawuh ingkang mungel "Samubarang kang padha sira singidaké," punika ingkang dipun karsakaken sifat-sifatipun manusa ingkang adiluhung, ingkang langkung anyrambahi katimbang kalayan awonipun, ingkang tansah sumingid boten kawistara, ngantos manawi sampun kababar lantaran ngèlmu paparingipun Pangéran. Nalika manusa dumunung wonten ing tataraning kamajenganipun ingkang wiwitan, kasantikanipun manusa anggayuh dhateng kamajengan punika taksih sumingid, nanging awonipun amutahaken rah sampun kababar ngeléla.

56. Sajatosipun tembung *sajada* punika sami kaliyan tembung *khadla'a*, jawinipun *andhap asor* utawi *sumarah* (TA-LL). Wonten ing dalem sembahyangipun tiyang Muslim, *sujud* punika katindakaken sarana nyèlèhaken bathukipun kalayan tanganipun kakalih tuwin dhengkulipun wonten ing siti. Nanging wonten ing dalem Quran Suci asring kémawon tembung wau dipun agem namung kalayan mengku teges *nungkul sumarah.* Tetembungan limrah ingkang mungel سجد له punika jawinipun: *ngurmati ing dhèwèké* utawi *awèh pakurmatan marang dhèwèké* (Ham-LL). Inggih ngurmati utawi sumarah ingkang kados makaten wau, tegesing tembung wau wonten ing dhawuhing ayat punika.

Aksara *lam* ingkang wonten ing sawingkingipun tembung kriya, punika kala-kala sok ateges karana. Kadosta wonten hadits pangandika Nabi makaten: كان يسجد للطالع ; suraosipun: manawi panah lumepas ngantos nglangkungi ing lésanipun, langkung ing sanginggilipun, *dhèwèké banjur nungkulaké awaké marang iku* (LL), inggih punika: *nungkulaken sirahipun karana panah wau.* Makaten ugi السفينة تسجد للريح punika tegesipun: *prau iku miring jalaran angin* (TA). Awit saking punika ing margin dipun sukani teges satunggalipun.

Punapa ta tegesipun para malaikat sami ngurmati utawi sujud dhateng Adam punika? Boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang gadhah paham bilih malaikat sajagad dipun klempakaken sadaya wonten ngajengipun Adam tuwin lajeng kadhawuhan sujud dhateng Adam kalayan nyèlèhaken bathukipun wonten ing siti. Kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing ngajeng, malaikat punika juru-pantawis ingkang nindakaken karsanipun Pangéran. Manawi manusa punika sampun saged anggayuh ing kasampurnan jalaran kasinungan ngèlmunipun sadaya barang ingkang bangsa Ilahi, terangipun manawi manusa sampun kawedharan ing wahyuning Pangéran, daya kakiyatan saé ingkang pangreksanipun dados bebahanipun para malaikat, punika lajeng nungkul dhateng piyambakipun. Nanging daya kakiyatan awon, punika taksih lastantun milawani dhateng piyambakipun, ngantos manawi piyambakipun punika sampun nandhang sawenèh cobi, piyambakipun saweg saged nelukaken daya kakiyatan awon wau. Makaten punika katerangaken déning Quran piyambak kalih ambalan, inggih punika ing 15: 29 tuwin ing 38: 72, nalika nerangaken Adam, makaten: "Bareng iku wus Ingsun

jur padha sungkem, ananging Iblis[57] ora:[58] padha mopo sarta gumedhé, lan dhèwèké iku éwoning para wong kafir.[59]

إِبْلِيسَ أَبَىٰ وَاسْتَكْبَرَ وَكَانَ مِنَ الْكَافِرِينَ ﴿٣٤﴾

35 Lan Ingsun ngandika: É, Adam, manggona ing taman,[60] sira

وَقُلْنَا يَا آدَمُ اسْكُنْ أَنْتَ وَزَوْجُكَ الْجَنَّةَ

gawé ganep langkep sarta ing jeroné wus Ingsun tiyup sarana ruh-Ingsun (wahyu-Ningsun), padha tumundhuka marang dhèwèké, sumujud." Lah ing ngriki boten nyebutaken bilih sadèrèngipun para malaikat sami sujud, Adam kaparingan ngèlmunipun sadaya barang langkung rumiyin, nanging katerangaken bilih Adam kaparingan wahyuning Pangéran. Dados punika nélakaken bilih pratélan warni kalih wau sami suraosipun.

Bokmanawi perlu ugi dipun terangaken pisan, bilih Quran Suci boten salaminipun ngagem tembung Adam wau kalayan mengku teges ingkang tartamtu. Panganggénipun tembung wau mengku teges ingkang umum, inggih punika ateges sadaya manusa, déné sujudipun para malaikat punika inggih anggadhahi teges umum. Minangka tuladha upaminipun dhawuh ingkang kasebut ing 7: 10-11 makaten: "Lan sayekti temen Ingsun anetepaké sira (manusa) ana ing bumi, sarta ing kono Ingsun andadèkaké panguripan tumraping sira; sathithik temen anggonira padha atur panuwun. Lan sayekti Ingsun wus anitahaké sira, tumuli Ingsun ambangun sira, nuli Ingsun angandika marang para malaikat: padha sujuda marang Adam" (7: 11). Ing ayat sanès, ugi nunggil babagan kapangandikakaken, malah ngagem tembung *basyar* (tiyang), "Nalika Pangéranira ngandika marang para malaikat: Sayekti Ingsun lagi anitahaké *basyaran* (manusa) saka lebu; lah bareng iku wus Ingsun gawé sampurna sarta ing jeroné wus Ingsun tiyup kalawan ruh(wahyu)-Ningsun, tumuli tumundhuka marang dhèwèké, sumujud" (38: 71-72).

57. *Iblis* punika sanès panunggilanipun para malaikat, kados déné ingkang katerangaken wonten ing 18: 50, ingkang mangandikakaken bilih Iblis punika "golongané jin, mulané nerak paréntahé Pangérané." Déné malaikat punika kapangandikakaken wonten ing 66: 6 bilih: "ora padha ambangkang ing Allah tumrap sabarang kang diparéntahaké marang dhèwèké, sarta nindakaké sabarang kang didhawuhaké." Dados *Iblis* punika ingkang nandukaken daya kakiyatan awon: boten sami kaliyan ingkang nandukaken daya kakiyatan saé. Salajengipun kaèngetana bilih *Iblis* lan Sétan (basa Arab: *Syaithân*) punika sami. Kitab Quran ngagem tembung *Iblis*, manawi piawonipun pun Iblis wau namung ngundher wonten awakipun piyambak, nanging ngagem tembung *syaithân*, utawi sétan, manawi piawonipun namani dhateng sanès. Utawi *Iblis* punika *ingkang gumedhé,* déné sétan *tukang ambubujuk.* Dados ing ayat angka 36 piyambakipun dipun namakaken *Syaithân*, punika jalaran ing ngriku piawonipun namani dhateng Adam. Tembung *Iblis* punika asal saking tembung *balasa,* jawinipun: *mupus*, déné *syaithân*, saking *syathâna*, jawinipun *tebih*, utawi saking tembung *syatha,* jawinipun *sirna.*

58. Barang ingkang dipun kajawèkaken sarana tembung *illâ* (tegesipun wantah: *kajaba*), punika tarkadhang boten sami jinisipun kaliyan barang ingkang kalebetaken ing cacah. Dados pratélan ingkang dhumawah ing sasampunipun *illa*, punika pratélan énggal, boten wonten sambetipun kaliyan ingkang rumiyin. Awit saking punika anggèn kula anjarwani boten kados jarwan ingkang limrah-limrah: *kajaba Iblis*, nanging kula jarwani: *nanging Iblis ora.*

59. Piyambakipun kapancasan kafir punika boten teka margi boten purun sujud dhateng Adam; wangsul boten purunipun sujud wau margi sampun karumiyinan kafir, salajengipun punika ngiyataken pratélan ingkang nerangaken bilih *Iblis* utawi *Sétan* punika titah ingkang nindakaken awon.

60. Sampun terang kasebut ing ayat angka 30, bilih manusa punika kapanggènaken wonten ing bumi, pinasthi supados maréntah. Dipun panggènaken ing taman (suwarga), punika ateges ngalami gesang sakeca tuwin seneng, boten kairing ing rekaos lan kasusahan, kados déné ingkang kacetha wonten ing dhawuh candhakipun: "Padha mangana wetune, umbaran endi ing sakarepira." Éwadéné taksih wonten kateranganipun gesang wonten ing suwarga ingkang langkung cetha malih, inggih punika ingkang kasebut ing 20: 117-119, makaten: "mulané aja nganti sira sakeloron diwetokaké saka ing taman mundhak cilaka. Sayekti ana ing kono sira (tinamtu), yèn ora bakal kewudan. Lan ana ing kono (tinamtu), yèn sira ora bakal kaluwèn lan ora bakal kepanasan." Punika sadaya nedahaken bilih gesang ing suwarga punika ateges gesang seneng, sakeca tuwin bingah, boten mawi rekaos utawi susah.

lan jodhonira, sarta mangana wetuné,[61] umbaran endi ing sakarepira, lan aja sira cedhak-cedhak wit iki,[62] mundhak sira dadi éwoning wong kang atindak dudu.

وَكُلَا مِنْهَا رَغَدًا حَيْثُ شِئْتُمَا ۖ وَلَا تَقْرَبَا هَٰذِهِ الشَّجَرَةَ فَتَكُونَا مِنَ الظَّالِمِينَ ﴿٣٥﴾

36 Ananging sétan amlèsèdaké wong sakaloron iku saka ing kono[63] sarta ngetokaké sakaroné saka ing (kaanan) kang didunungi; lan Ingsun ngandika: Padha lungaa,[64] sawenèhira satru marang sawenèhé, lan ana ing bumi sira pinaringan panggonan sarta upajiwa nganti tumeka mangsané.[65]

فَأَزَلَّهُمَا الشَّيْطَانُ عَنْهَا فَأَخْرَجَهُمَا مِمَّا كَانَا فِيهِ ۖ وَقُلْنَا اهْبِطُوا بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ ۖ وَلَكُمْ فِي الْأَرْضِ مُسْتَقَرٌّ وَمَتَاعٌ إِلَىٰ حِينٍ ﴿٣٦﴾

---

61. Tembung *raghadan* ing dhawuh punika kénging dipun suraos kados sifatipun tembung aran ingkang kaanggep sampun kasumerepan (sampun genah), ukaranipun lajeng makaten: اكلا رغدا jawinipun: *pangan kang akèh banget.* Utawi kénging kasuraos punika nerangaken kawontenanipun Adam lan Khawwa' (Ibu Kawa), tuladhanipun wonten ukara makaten: قوم رغد jawinipun *tiyang* ingkang gesangipun tansah kaombèran, utawi tiyang ingkang gadhah barang-barang kathah sanget tuwin gesang sakéca lan nyenengaken (LL). Dados dhawuh wau ugi kénging dipun tegesi: Padha mangana saka kono samangsa-mangsa sira padha karep, kalayan mluwah-mluwah samubarangé.

62. *Wit* ing ngriki kasuraos: *awon*, jalaran inggih awon punika ingkang murugaken manusa keplorod ing asor, sarta inggih awon punika ingkang dipun awisi déning sadaya Nabi-nabinipun Allah supados dipun tebihi déning manusa. Quran piyambak wongsal-wangsul tansah paring pèpènget dhateng para manusa, supados sampun ngantos celak-celak kaliyan awon wau. *Syajarah* utawi *wit* dados tembung entar, punika sampun genah, manawi kacundhukaken kaliyan dhawuh ing 20: 120. Ing dhawuh wau katerangaken manawi pun sétan ambujuk ing manusa sarana mastani wit wau *witing kalanggengan tuwin karaton ingkang boten saged risak.* Kateranganipun pun sétan ingkang makaten wau mesthi kémawon akosok wangsul kaliyan kawontenanipun ingkang sajatos, awit pancèn anggènipun sétan nerangaken makaten wau mengku sedya badhé ambujuk Adam. Nanging kapèngetana bilih *witing kalanggengan* punika sami kémawon kaliyan *karaton ingkang boten saged risak;* punika ambuktèkaken bilih tembung *syajarah* wau tembung entar.

63. Sétan punika dados sarana éwahing kawontenanipun Adam lan Khawwa'. Saka "kono" tegesipun saking kawontenan gesang sakéca ingkang dipun dunungi ing sakawit.

64. Sampun boten wonten semang-semangipun malih tembung *habth* punika ateges *anjojrog mangandhap*, utawi *mlorod saking nginggil mangandhap*; nanging wonten ing kapustakan tembung wau asring dipun anggé kalayan namung mengku teges: *pindhah saking satunggaling panggènan dhateng panggènan sanès*, kados déné اهبطوا مصرا ing ayat 61, ateges: *lungaa* utawi *lumebua marang kutha.* Tembung wau ugi gadhah teges: *éwah kawontenanipun.* Miturut LL *habatha* punika ateges *medal* lan ugi ateges *keplorod*. Salajengipun tembung *habth* gadhah teges *dhumawah ing awon*; utawi *dados asor* utawi *ina*; utawi *nandhang pituna* utawi *susut.*

65. Kawontenan énggal ingkang dipun alami déning manusa, inggih punika kawontenan memengsahan satunggal kaliyan satunggalipun. Kawontenan énggal wau kosokwangsul kaliyan kawontenan gesang sakéca, awit ing kawontenan wau manusa ngadhepi sawarnining kasusahan lan rekaos. Ing dalem kawontenan gesang ingkang kados makaten wau tiyang tulus lan tiyang duraka sami kémawon, sami déné kedah ngalami. Malah menggah ing sajatos-jatosipun inggih cobi lan rekaosing

37 Tumuli Adam tampa sabda saka Pangérané, mulané Panjenengané bali (paramartané) marang dhèwèké;[66] sayekti Panjenengané iku Kang-tansah bola-bali (paramartané), Kang-Mahaasih.

فَتَلَقَّىٰٓ ءَادَمُ مِن رَّبِّهِۦ كَلِمَٰتٍ فَتَابَ عَلَيْهِ ۚ
إِنَّهُۥ هُوَ ٱلتَّوَّابُ ٱلرَّحِيمُ ﴿٣٧﴾

38 Ingsun ngandika: Lungaa saka (kaanan) iku, kabèh baé; mulané samangsa ana tuntunan saka Ingsun tumeka marang sira, lah sing sapa manut tuntunan Ingsun, ya padha ora bakal kataman kuwatir sarta ora bakal padha susah.

قُلْنَا ٱهْبِطُوا۟ مِنْهَا جَمِيعًا ۖ فَإِمَّا يَأْتِيَنَّكُم
مِّنِّى هُدًى فَمَن تَبِعَ هُدَاىَ فَلَا خَوْفٌ
عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٣٨﴾

39 Wondéné wong kang padha kafir lan angemohi timbalan-timbalan-Ingsun,[67] iku uwonging

وَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَكَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَآ أُو۟لَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ

---

gesang wau ingkang murugaken tiyang saged anggayuh kasampurnan. Kawontenan sakéca ingkang wiwitan, punika sanès kawontenan ingkang sampurna, wangsul punika namung kados déné kawontenanipun laré alit, sanajan saged ugi ingkang dipun alami punika kawontenan sakéca tuwin seneng saèstu; nanging rèhning tiyang punika kedah anggayuh ing kawontenan sampurna, mila inggih kedah ngalami cobi, ingkang boten kénging boten dados kanthinipun panggayuhing kawontenan sampurna wau. Ingkang makaten wau kacethakakaken wonten ing ayat 38, ingkang andhawuhaken dhateng sadaya manusa, sinten ingkang kepéngin anggayuh kawontenan ingkang sepen saking sawarnining kukuwatosan lan kasusahan, kedah sami andhèrèk ing tuntunaning Pangéran. Kawontenan "sepen saking kukuwatosan tuwin kasusahan," punika wonten ing Quran Suci kanggé nggambaraken tujuaning ngagesang, utawi kawontenan ingkang sampurna piyambak, ingkang gagayutan kaliyan gesang sapunika punika.

66. Tembung Arab *taubah (tobat)* punika sajatosipun mengku kateranganipun tobat ingkang sajati. *Tâba*, tegesipun ingkang sakawit: *wangsul*, dados tetembungan *tâba ilallâhi* punika tegesipun ingkang asli: *wangsul dhateng Gusti Allah*, sarta manut istilahipun agami, tembung *taubah* punika ateges: *wangsul dhateng kawontenan pamanut-miturut.* Dados *taubah* punika mengku kajeng ambangun gesangipun kalayan pambangunan ingkang sampurna. Lah, inggih makaten punika tobat ingkang miturut Quran Suci. Dados *taubah* punika boten kok namung lugu maos ungel-ungelan sawatawis, nanging nyaèkaken gesangipun kalayan saèstu. Tembung *tâba* wau ugi kanggé nembungakeh anggènipun Gusti Allah nampi pitobat, ingkang ugi mengku suraos kados déné tegesipun tembung wau ingkang asli, jalaran tumrap prakawis punika Pangéran ngrengkuh dhateng tiyang ingkang sampun tobat wau kalayan sih-wilasa.

67. Tembung *âyah* (*jama'*-ipun: *âyât*), punika asring sanget kasebut wonten ing Quran Suci, sarta mengku teges warni-warni. Tegesipun tembung *âyah* ingkang asli punika *tandha* utawi *titikan ingkang pratéla* (Rgh), ingkang kanggé nyumerepi satunggaling barang. Dados tembung wau ateges *tandha yekti* ingkang mengku suraos: *bukti*, *pratandha*, utawi *cihna* (TA-LL). Ing panyuraos punika tembung wau ugi mengku teges *mu'jizat* utawi pangéram-éram, ingkang wonten ing Quran tansah kapangandikakaken mawi tembung *âyât*, boten mawi tembung *mu'jizat*. Dados ingkang makaten wau anedahaken bilih mu'jizat, punika sanès *pangéram-éram*, nanging *pasaksèn* utawi *tandha yekti* ingkang pratéla ing kayektènipun satunggaling Nabi. Nanging ingkang asring sanget kagem wontening dalem Quran Suci, tembung *âyât* wau ateges: *ayahan* utawi *dhawuh* (ingkang dipun ampil déning para andika Nabi), sarta inggih manut panyuraos punika déné tembung wau kanggé mastani ayat-ayatipun Quran

geni, padha ana ing kono olèhé manggon.[68]

ٱلنَّارِۚ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٣٩

RUKU' 5

Weca-weca Israil kanyataan ing dalem Quran

40-44. Prajanjian kaliyan turun Israil tuwin kanyataanipun wonten ing rawuhipun Kanjeng Nabi. 45-46. Dhawuh sabar lan salat.

40 É, para turuning Israil, padha ngélingana nugraha-Ningsun kang wus Ingsun-nugrahakaké marang sira sarta padha nuhonana janjinira marang Ingsun, Ingsun mesthi iya bakal nuhoni janji-Ningsun marang sira;[69] lan mula mung marang Ingsun dhéwé kuduné wedinira.

يَٰبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱذۡكُرُواْ نِعۡمَتِيَ ٱلَّتِيٓ أَنۡعَمۡتُ عَلَيۡكُمۡ وَأَوۡفُواْ بِعَهۡدِيٓ أُوفِ بِعَهۡدِكُمۡ وَإِيَّٰيَ فَٱرۡهَبُونِ ٤٠

41 Lan padha angèstua ing barang kang wus Ingsun dhawuhaké, dumunung ambenerakė kang wus ana ing sira,[70] lan aja sira

وَءَامِنُواْ بِمَآ أَنزَلۡتُ مُصَدِّقٗا لِّمَا مَعَكُمۡ وَلَا

Suci. Inggih punika *klempakaning dhawuh-dhawuh Quran ingkang lalajengan dumugi sacuthelipun,* utawi *sapéranganing Quran ingkang satelasipun pérangan wau dipun prayogèkaken kèndel rumiyin pamaosipun* (TA, Msb-LL). Nanging ingkang asring tembung wau mengku teges *tandha yekti* utawi *ayahaning Pangéran* utawi *Dhawuhipun Pangéran*, ingkang mengku suraosipun ingkang sakalangkung jembar.

68. Tembung *khalada* punika tegesipun ingkang asli *manggèn* utawi *manggèn ingkang dangu*; jalaran tembung wau sami tegesipun kaliyan tembung *aqâma* utawi kaliyan tembung اطال الاقامة (A). Mila tembung *Khawâlid* (*jama'-ipun* tembung *khâlid*), punika tegesipun: séla tigang iji ingkang kanggé banciking kwali. Milanipun dipun wastani makaten, awit séla tiga ingkang kanggé pawonan wau lastantun wonten ing panggènanipun ngantos dangu, sanajan tilas adeging griya sampun sirna (LA-LL). Awit saking punika tembung *khâlidun* punika lugu ateges *manggèn*, tuwin boten kedah mengku suraos langgeng tanpa wekasan.

69. Kacocogna kaliyan Pangandharing Torét 26: 17-19: "Ing dina iki kowé wus padha anampani prasetyaning Yéhuwah yèn bakal tetep dadi Allahmu, sarta yèn kowé mesthi padha ngambah dalan pitedahé, anetepi pranatané lan papakoné tuwin saraké, apa déné angèstokaké sadhawuhé kabèh, lan uga ing dina iki Yéhuwah mundhut sanggemanmu, bakal tetep dadi bangsa kagunganė piyambak, kaya kang dadi prasetyan marang kowé, sarta mesthi anetepi sakèhé papakoné kabèh, supaya kowé diparingana pangkat kang luhur, angungkuli sakèhé para bangsa kang wus dititahaké, dadia margining puji lan misuwur tuwin kaluhuran." Déné "ngèstokaké sadhawuhé kabèh," punika tegesipun ngakeni kayektèning wahyu ingkang katampi déning nabi ingkang kajanjèkaken wonten ing Pangandharing Torét 18: 18, kados déné ingkang kalayan cetha kasebutaken wonten ing Pangandharing Torét 18: 19 makaten: "Ana déné sing sapa ora amiturut marang dhawuh ingsun, kang dilahiraké terang saka ing asmaningsun, iku amesthi sunsiksa."

70. "Dumunung ambenerake" ing ngriki ingkang dipun karsakaken tetela manawi kanyataaning wahananipun piweca ingkang kasebut ing Pangandharing Torét 18: 15-18: "Yéhuwah Allahmu amesthi bakal anjumenengaké Nabi siji, kapundhut saka ing antaramu, iya saka ing tengahé para sadulurmu, kaya aku mangkono, iku padha korungokna ….. Ingsun amesthi bakal anjumenengaké Nabiné siji,

padha dadi kawitané wong kang ngemohi, lan aja padha nampani pangaji sathithik[71] ijolé timbalan-Ingsun; lan mula mung marang Ingsun dhéwé kuduné bektinira.[72]

تَكُونُوٓا أَوَّلَ كَافِرٍۭ بِهِۦ ۖ وَلَا تَشْتَرُوا بِـَٔايَٰتِى ثَمَنًا قَلِيلًا وَإِيَّٰىَ فَٱتَّقُونِ ﴿٤١﴾

42 Lan aja padha nyarub yakti kalawan dudu, lan aja padha ngumpetaké yakti, kang mangka sira padha weruh.[73]

وَلَا تَلْبِسُوا ٱلْحَقَّ بِٱلْبَٰطِلِ وَتَكْتُمُوا ٱلْحَقَّ وَأَنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٤٢﴾

43 Lan padha anjumenengna salat lan ambayara zakat sarta padha rukuka karo wong kang padha rukuk iku.[74]

وَأَقِيمُوا ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا ٱلزَّكَوٰةَ وَٱرْكَعُوا مَعَ ٱلرَّٰكِعِينَ ﴿٤٣﴾

---

sunpundhut saka ing antarané para saduluré, iya kaya sira mangkono, ing lésané bakal sunisèni pangandika-Ningsun. Sarta apa kang sunparéntahké iku bakal dilairaké marang bangsa iki." "Pangandikanipun Pangéran" ingkang kajanjèkaken ing ngriki" dipun isèkaken dhateng lésanipun Kanjeng Nabi" wau, boten wonten malih-malih kajawi namung wonten ing dalem Quran piyambak, sarta malih boten naté wonten nabi satunggal kémawon ingkang ngaken bilih rawuhipun punika nglaksanani wahananing piweca punika, kajawi namung Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. piyambak. Babad Yahudi ing sapengkeripun Kanjeng Nabi Musa a.s. babar pisan boten wonten ingkang nyebutaken bab rawuhipun nabi, ingkang kajanjèkaken ing pangandharing Torét wau. Dalasan Kajeng Nabi 'Isa inggih boten naté ngandika, bilih rawuhipun punika anglaksanani wahananipun piweca wau. Para sahabatipun Kanjeng Nabi 'Isa, nalika sami anggadhahi pamanggih bilih piweca wau badhé dipun tuhoni kanyataanipun déning rawuhipun Kanjeng Nabi 'Isa ingkang kaping kalih, punika tétéla manawi sami kèmengan. Kosokwangsulipun sawenèh saking wasitanipun Kanjeng Nabi ingkang rumiyin piyambak, sapunika andhawuhaken bilih panjenenganipun punika saminipun nabi ingkang kautus dhateng raja Fir'aun (73: 15). Sarta pangaken punika tansah kasebutaken marambah-rambah wonten ing dalem Quran Suci.

71. Para titiyang wau sami angemohi ing dhawuhipun Pangéran, margi ajrih kécalan kawibawanipun anggèning dados panuntuning rakyat ing babagan kadonyan tuwin ing babagan ruhani, saha sami milaur nampik yakti margi kapikut ing panggodhaning donya, dados minangka lilintuning yakti, para titiyang wau sami ngalap "pengaos ingkang sakedhik sanget," jalaran kasebutaken ing 4: 77 makaten: "Kabungahan ing donya iku sapélé."

72. Manawi tembung kriya *ittaqû* gandhèng kaliyan tembung Allah utawi *dlamir* (*pronoun* utawi *personliyk voornaamwoord*) ingkang wangsul dhateng Panjenenganipun, minangka lésanipun, kados déné tembung اتقوا الله utawi اتقون punika tegesipun wigatos dhawuh supados sami anjagi sampun ngantos kadhawahan ing siksanipun Allah ingkang sampun kaancamaken, utawi supados samia ngatos-atos anggènipun sami netepi kawajibanipun dhateng Allah.

73. "Nyarup yakti kalawan dudu" punika ateges anggènipun *sami nyarup piweca kaliyan anggènipun negesi piyambak kanthi lepat*, dados damel burengipun piweca wau. Déné "ngumpetaken yakti" ateges anggènipun *sami nyingidaken wontenipun piweca wau*, jalaran asring kémawon para titiyang wau sami maréntahaken dhateng panganutipun, supados sampun sami medharaken piweca-piweca ingkang sampun kaloka wonten ing kalanganipun, dhateng para Muslimin. Kacundhukna kaliyan ayat 76.

74. Titiyang ingkang sami ruku' punika para Muslimin, dados para titiyang wau sami kadhawuhan tutwingking para Muslimin samangsa sami sembahyang.

44 Yagéne sira padha akon manusa nglakoni kabecikan lan nglirwakaké jiwanira dhéwé, ing mangka sira padha maca kitab; lah apa ta sira padha ora mikir?

أَتَأْمُرُونَ النَّاسَ بِالْبِرِّ وَتَنْسَوْنَ أَنْفُسَكُمْ وَأَنْتُمْ تَتْلُونَ الْكِتٰبَ ۗ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿٤٤﴾

45 Lan padha nyuwuna pitulung asarana[75] kasantosan sarta salat, lan sayekti, iki pancèn abot, kajaba tumrap kang padha konjem,

وَاسْتَعِينُوا بِالصَّبْرِ وَالصَّلٰوةِ ۚ وَإِنَّهَا لَكَبِيرَةٌ إِلَّا عَلَى الْخٰشِعِينَ ﴿٤٥﴾

46 Yaiku kang padha ngrumasani,[76] yèn bakal padha katemu Pangérané apa déné yèn bakal padha bali marang Panjenengané.

الَّذِينَ يَظُنُّونَ أَنَّهُمْ مُلٰقُوا رَبِّهِمْ وَأَنَّهُمْ إِلَيْهِ رٰجِعُونَ ﴿٤٦﴾

RUKU' 6

Nugrahanipun Pangéran dhateng tiyang turun Israil sarta bab ambegugukipun para tiyang Israil wau

47, 48. Badhé dhatengipun tiyang turun Israil ing dinten kasusahan. 49, 50. Luwaripun saking Fir'aun. 51-54. Manembah pedhèt sarta siksanipun. 55, 56. Para pinisepuh sami kantu. 57-59. Paparing rejeki manna lan salwa ing ara-ara samun, pambangkangipun tiyang turun Israil sarta karisakan jalaran saking pageblug.

47 É, para turuning Israil, padha ngélingana nugraha-Ningsun kang wus Ingsun nugrahakaké marang sira sarta (ngélingana) déné Ingsun temen wis ngunggulake sira angungkuli sakehing bangsa.[77]

يٰبَنِيٓ إِسْرَآءِيلَ اذْكُرُوا نِعْمَتِيَ الَّتِيٓ أَنْعَمْتُ عَلَيْكُمْ وَأَنِّي فَضَّلْتُكُمْ عَلَى الْعٰلَمِينَ ﴿٤٧﴾

---

75. Piyambakipun sami kadhawuhan ngentosi kanthi sabar, awit tandha yektinipun ingkang ageng lan miyambaki nabi ingkang kajanjèkaken ing Pangandharing Torét 18: 18 wau, panjenenganipun badhé anggelaraken piweca ingkang badhé kanyataan saèstu wahananipun, "Mulané manawa kowé duwé osik ing atimu mangkéné: Kapriyé anggonku bakal bisa ambédakaké sadhéngaha pitutur kang dudu dhawuhé Yéhuwah? Nabi iku mau manawa duwé pitutur kalawan nyebut asmané Yéhuwah, mangka kang dadi pamecané ora ana kadadéané lan ora netes, iya iku pitutur kang dudu dhawuhé Yéhuwah, kalawan sumengah nabi mau anggoné ngucapaké, wong mangkono iku aja koanggep," Pangandharing Torét 18: 21, 22. Nalika sanget-sangetipun Kanjeng Nabi nandhang apes wonten ing Makkah, tuwin nalika para titiyang Quraisy rinten lan dalu tansah ngrencana badhé nyédani panjenenganipun, Quran sampun angundhangaken piweca badhé menangipun ingkang wekasan Kanjeng Nabi tuwin Islam, punapa déné badhé kawonipun tuwin leburipun babar pisan mengsah-mengsahipun. Miturut lèlèranipun Pangandharing Torét 18: 21, 22 wau, leresipun ing salebetipun sawatawis taun kémawon titiyang Israil sampun saged nyumerepi kalayan gampil, bilih panjenengan-ipun punika pranyata nabi saèstu.

76. Tembung *dzann* punika tegesipun: *panyana* utawi *panginten-inten* sarta ugi ateges *mangertos* utawi *yakin* ingkang "angsalipun sarana nimbang-nimbang kalayan pangudi badhé mangertosi, boten sarana sumerep saking dayaning mripat, utawi boten saking pangraosing indriya" (LL).

48 Lan padha jaga-jagaa ing dina, kang (ing kono) sawijining jiwa ora makolèhi sathithik-thithika marang jiwa liyané[78] lan ora ana syafa'at kang sinembadan[79] lan ora ana tebusan kang tinarima lan ora padha tinulungan.

وَاتَّقُوا يَوْمًا لَّا تَجْزِي نَفْسٌ عَن نَّفْسٍ شَيْئًا وَلَا يُقْبَلُ مِنْهَا شَفَاعَةٌ وَلَا يُؤْخَذُ مِنْهَا عَدْلٌ وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ﴿٤٨﴾

49 Lan nalikané Ingsun nyalametaké sira saka ing wongé Fir'aun, kang nibakaké sira ing siksa kang ala[80] padha ambelèhi

وَإِذْ نَجَّيْنَاكُم مِّنْ آلِ فِرْعَوْنَ يَسُومُونَكُمْ سُوءَ الْعَذَابِ يُذَبِّحُونَ أَبْنَاءَكُمْ وَيَسْتَحْيُونَ نِسَاءَكُمْ

77. Tembung "ngalam kabèh" (sakèhing bangsa) punika ingkang dipun karsakaken *umat ingkang nunggil jaman kaliyan bangsa Bani Israil nalika ngalami jaman kamenangan,* utawi *umat kathah sanget* (AH). Kathah nabi-nabi ingkang sampun kajumenengaken ing tengah-tengahipun bangsa Bani Israil, saha bangsa wau saged maréntah bangsa sanès-sanèsipun, sarta punika wau sadaya nugraha ingkang tansah dipun émutaken dhateng piyambakipun déning Kanjeng Nabi Musa (5: 20).

78. Dinten ingkang kadhawuhaken ing ngriki punika sampun namani titiyang Israil ing donya punika, minangka pupucukipun kasusahan ingkang badhé dipun sandhang bénjing wonten ing akhirat. Para pancer Yahudi ingkang sami dudunung wonten ing Madinah sami sakuthon kaliyan mengsah-mengsahipun Islam, suka sawarnining pitulungan kalayan dhedhemitan dhateng titiyang Makkah, malah ngojok-ojoki punapa dhateng titiyang Makkah supados sami nempuh kaum Muslimin, sanajan golongan Yahudi wau sampun sami aprajanji kaliyan para Muslimin, bilih badhé lumawan sasarengan manawi katempuh ing mengsah. Awit saking punika, nama sampun samesthinipun, manawi boten kadumugènipun titiyang Makkah nyures para Muslimin, punika lajeng katungka ing dhumawahing pidana dhateng para Yahudi ingkang sami cidra, déné para titiyang munafik tuwin titiyang musyrik ingkang sampun sami aprajanji badhé mitulungi, boten sami dhateng. Lalampahan punika karembag wonten ing surat 59.

79. *Syafâ'ah* (ingkang wonten ing basa Jawi dipun lastantunaken dipun jarwani *safangat*), punika asal saking tembung *syaf'*, ingkang tegesipun *damel* satunggaling barang dados *rakitaning* satunggalipun (TA-LL) utawi *anjodhokaken* satunggaling barang *kaliyan tunggilipun* (Rgh-LL), mila tembung wau lajeng mèh ateges *panebus*. Piwulang bab *syafa'ah* utawi safangat, punika piwulang ingkang misuwur. Miturut piwulang wau, para andika nabi tuwin para tiyang tulus badhé nebusi, mitulungi utawi ambélani para titiyang dosa bénjing ing dinten pancasan. Wondéné piwulang wau, punika adhadhasar sawenèh dhawuh-dhawuhipun Quran Suci tuwin hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi, ingkang badhé dipun rembag wonten ing papanipun ingkang prayogi. Nanging safa'ah punika ugi gadhah teges sanèsipun malih, ingkang kasebutaken wonten ing 4: 85, inggih punika damel margi ingkang supados dipun ambah ing ngasanès, murih tiyang wau lajeng nama anggolong nulad piyambakipun; lan inggih punika sajatosipun kajengipun ingkang sakawit piwulang wau. Dados *syafa'ah* makaten mengku maksud warni kalih, sapisan: nyagedaken tiyang sanès lumampah wonten ing margining katulusan sarana nulad piyambakipun, tuwin kaping kalih: nyukani pangayoman ing tiyang sanès saking temahan awon wohing sawenèh kasèkènganipun, ingkang piyambakipun piyambak boten kuwagang nelukaken.

Wondéné pratélan ing ngriki, bilih ing satunggaling dinten safa'at boten badhé katampi, punika tumrap para titiyang ingkang pancèn boten pantes angsal safa'at, inggih punika titiyang ingkang boten purun anggolong kaliyan kawulanipun Pangéran ingkang tulus karana badhé nulad panjenenganipun. Rèhning para tiyang wau boten saged anggagapi tegesipun safa'at ingkang wiwitan, mila piyambakipun punika inggih boten badhé angsal faédah ing tegesipun safa'at ingkang kaping kalih. Prayogi dipun pèngeti ing ngriki bilih safa'at punika nugraha, para titiyang dosa boten anggadhahi wewenang mesthèkaken angsalipun safa'at wau; lan inggih punika karsanipun pratélan ing ngriki punika.

80. Quran Suci boten nyebutaken piprincènipun panganiaya ingkang dipun sandhang déning ti-

anak-anakira lanang sarta nguripi wadonira,[81] lan ana ing kono iku coba kang gedhé saka Pangéranira.

وَفِي ذَٰلِكُم بَلَاءٌ مِّن رَّبِّكُمْ عَظِيمٌ ﴿٤٩﴾

50 Lan nalika Ingsun miyakaké sagara sira, tumuli Ingsun nyalametaké sira sarta angelem wongé Fir'aun, kang sarta sira padha andeleng.[82]

وَإِذْ فَرَقْنَا بِكُمُ الْبَحْرَ فَأَنجَيْنَاكُمْ وَأَغْرَقْنَا آلَ
فِرْعَوْنَ وَأَنتُمْ تَنظُرُونَ ﴿٥٠﴾

51 Lan nalikané Ingsun anamtokaké waktu patang puluh wengi[83] marang Musa, tumuli, ing sapungkuré iku, sira ngalap (sesembahan) sapi,[84] lan sira iku padha wong atindak dudu.

وَإِذْ وَاعَدْنَا مُوسَىٰ أَرْبَعِينَ لَيْلَةً ثُمَّ اتَّخَذْتُمُ
الْعِجْلَ مِن بَعْدِهِ وَأَنتُمْ ظَالِمُونَ ﴿٥١﴾

---

tiyang Israil. Miturut Pangentasan 1: 11 "Bani Israil tumuli padha didhodhoki panggedhé ayer pagawéan, supaya ditindhes ing pagawéan abot," sarta Pangentasan 1: 14 "Kongsi uripé digawé nandhang pait getir kalawan pagawéan rekasa, yaiku anggoné anggarap latung lan bata, tuwin sarupané pagawéan angolah bumi, apa manèh saliya-liyané pagawéan kang kabutuhaké kalawan siya-siya."

81. Mirsanana Pangentasan 1: 15-18 lan 1: 22 "Pirngon tumuli paréntah marang sakèhé para kawulané dhawuhé: Sakèhé bayiné wong Israil metu lanang, padha labuhen ing bengawan. Mung kang metu wadon iku uripana."

82. Quran boten mangandikakaken kados pundi anggènipun titiyang Israil nglangkungi saganten utawi inggih boten nerangaken kados pundi patrapipun piyaking saganten. Tembung *bahr* punika teges: *saganten* utawi *bengawan.* Manawi bengawan, katranganipun gampil. Saged ugi nalika titiyang Israil langkung ing ngriku bengawan wau pinuju asat, nanging nalika wadyabalanipun Fir'aun ingkang sami nututi langkung ing ngriku, bengawan rob tuwin ngèlem Fir'aun sawadyanipun wau. Ingkang cepak kémawon kados déné cariyosipun Bébel, saganten wau Saganten Abrit poncot lèr piyambak, sarta miturut Bébel: "Yéhuwah tumuli andadèkaké laruding banyuné asarana angin kenceng saking wétan sawengi muput" (Pangentasan 14: 21), dados tiyang Israil lajeng saged langkung ing ngriku. Kateranganipun satunggaling sarjana Muslim langkung pasaja malih. Katerangaken bilih awawaton kawruh ngèlmu bumi kina, ing Saganten Abrit punika wonten pulo-pulonipun kathah sanget; punika nukulaken puputoning pamanggih bilih nalika wekdal samanten Saganten Abrit punika sanès saganten ingkang lebet kados kawontenanipun ing samangké. Ingkang dipun sabrangi punika ing anakipun ingkang sisih kiwa ing poncot lèr, dhasar saganten cethèk, tur nuju surud, mila titiyang Israil saged langkung ing ngriku kanthi wilujeng; déné nalika rob, ngèlem titiyang Mesir (S. A.). Mirsanana ugi 1593.

83. "Sawusé Musa minggah ing dhuwur gunung, nuli lumebu ing satengahé mendhung, mangka anggoné Musa ana ing dhuwur gunung lawasé patang puluh dina patang puluh wengi" (Pangentasan 24: 18).

84. Piprincènipun kasebut ing 20: 87-97. Cariyos damel pedhèt punika wonten ing Bébel kasebut wonten ing Pangentasan bab ingkang kaping 32. Nanging wonten bédanipun ingkang wigatos, inggih punika manawi miturut Bébel dipun cariyosaken ingkang damel pedhèt punika Kanjeng Nabi Harun, nanging Quran nerangaken bilih Kanjeng Nabi Harun wau boten tumut-tumut ing bab prakawis punika, tuwin nerangaken bilih ingkang mandhégani damel pedhèt lan nembah pedhèt punika pun As-Samiri. Sajakipun manembah pedhèt utawi lembu punika tularan saking tiyang Mesir. Miturut pamanggihipun tuwan-tuwan Renan, Maspero tuwin Konig, "nembah lembu punika saged ugi tiron saking panembah Apis ing Memphis utawi Mendes ing Heliopolis" (En. Bib. col. 631). Nanging ingkang ngimpun gubahan bab pedhèt mas gadhah pamanggih bilih "boten mèmper manawi tiron saking Mesir," déné

52 Tumuli, ing sawusé mangkono Ingsun ngapura ing sira, darapon sira padha atur panuwun.

ثُمَّ عَفَوْنَا عَنْكُمْ مِّنْ بَعْدِ ذٰلِكَ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ﴿٥٢﴾

53 Lan nalikané Ingsun aparing marang Musa Kitab lan panyilah,[85] darapon sira padha anut ing tuntunan.

وَإِذْ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ وَالْفُرْقَانَ لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُوْنَ ﴿٥٣﴾

54 Lan nalikané Musa calathu marang kaumé: O, kaumku, sayekti sira iku padha atindak dudu marang awakira dhéwé déning anggonira ngalap (sesembahan) sapi, mulané padha balia (kalawan piduwung) marang Kang-nitahaké sira tumuli padha *matènana* awakira,[86] mangkono iku luwih becik tumraping sira ana ing ngarsané Kang-nitahaké sira; tumuli Panje-

Ut. *nungkulna*

وَإِذْ قَالَ مُوْسٰى لِقَوْمِهٖ يٰقَوْمِ إِنَّكُمْ ظَلَمْتُمْ أَنْفُسَكُمْ بِاتِّخَاذِكُمُ الْعِجْلَ فَتُوْبُوْٓا إِلٰى بَارِئِكُمْ فَاقْتُلُوْٓا أَنْفُسَكُمْ ذٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ عِنْدَ بَارِئِكُمْ

nalaripun ingkang baku kasebutaken, jalaran “tiyang Mesir punika ingkang dipun sembah namung kéwan ingkang gesang.” Ananging semunipun tiyang Israil punika ugi sampun sami nembah kéwan gesang nalika jamanipun Kanjeng Nabi Musa, katitik saking wontenipun lalampahan ingkang kacariyosaken ing ayat 67-71; déné pedhèt mas wau, punika namung pepethanipun kéwan gesang. Saboten-botenipun sasrawungan kaliyan bangsa Mesir ngantos 400-san taun, punika mesthi katularan, mangka panembah lembu ing Mesir punika sampun wiwit kinaning makina. Inggih sabab saking punika mila saréngat Musa migatosaken sanget bab mragad lembu, sarta dhawuh ingkang kasebut ing ayat 67 punika bokmanawi inggih gagandhèngan kaliyan sabab punika. Sanajan sampun di kados punapa kémawon anggènipun Kanjeng Nabi Musa badhé nyirnakaken kabrahalan cakrik punika saking antawisipun titiyang Bani Israil, éwadéné panembah lembu punika meksa taksih wonten kémawon ngantos jamanipun nabi Hoséa; panjenenganipun punika tansah ngolok-olok kabrahalan wau kalayan tetembungan ingkang sakalangkung sereng (Hoséa 8: 5, 10: 5).

85. Tembungipun ingkang asli *furqan*, inggih punika tembung aran saking lingga *farq*, ingkang tegesipun *nyilahaken antawisipun barang kalih*, déné *furqan*, miturut LL ateges *barang ingkang saged nyilahaken* utawi *ambédakaken antawisipun leres kaliyan lepat*, mila lajeng ateges *tandha yekti* utawi *pasaksèn* lan ugi *pitulung* utawi *kamenangan. Furqan* utawi *panyilah* ingkang ing ngriki kapangandikakaken dipun paringaken dhateng Kanjeng Nabi Musa, inggih punika kèlemipun raja Fir’aun ing saganten tuwin wilujengipun titiyang Israil. Perang *Badar* punika dados *furqan* utawi *panyilah* tumrap Kanjeng Nabi, mila perang Badar punika ing Quran 8: 41 kasebut *Yaumu-l-furqan*, jawinipun *dinaning panyilah.*

86. Tiyang ingkang kadhawuhaken supados sami dipun pejahi, punika sampun terang manawi para panuntuning panembah pedhèt. Miturut Bébel, para titiyang trah Lèwi sami kadhawuhan mejahi sanèsipun, ngantos ing dinten wau wonten tiyang 3000 ingkang sami dipun pejahi. Quran Suci boten mangandikakaken punapa dhawuh wau katindakaken saèstu; kosokwangsulipun kapangandikakaken bilih kalepatan wau dipun apunten, nadyan saged ugi pangapunten punika anggènipun kaparingaken sasampunipun pidananipun katindakaken. Anèhipun, Kanjeng Nabi Harun ingkang manawi miturut Bébel ingkang damel brahalanipun tuwin ingkang dados panuntunipun tiyang kathah nembah pedhèt, miturut Bébel wau teka boten dipun pidana babar pisan.

nengané bali (wilasané) marang sira, amarga sayekti Panjenenganéiku Kang-tansah-bola-bali (wilasané), Kang-Mahaasih.

فَتَابَ عَلَيْكُمْ ۚ إِنَّهُ هُوَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ﴿٥٤﴾

55 Lan nalikané sira padha matur: Dhuh (Nabi) Musa, kula sami boten badhé angèstu ing sampéyan, kajawi manawi kula sampun sami ningali Allah kalayan satmata, mulané swara gumludhug anempuh ing sira, kang sarta sira padha andeleng.[87]

وَإِذْ قُلْتُمْ يَا مُوسَىٰ لَن نُّؤْمِنَ لَكَ حَتَّىٰ نَرَى اللَّهَ جَهْرَةً فَأَخَذَتْكُمُ الصَّاعِقَةُ وَأَنتُمْ تَنظُرُونَ ﴿٥٥﴾

56 Tumuli, ing sawusé kantunira, Ingsun nangèkaké ing sira, darapon sira padha atur panuwun.[88]

ثُمَّ بَعَثْنَاكُم مِّن بَعْدِ مَوْتِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿٥٦﴾

57 Lan Ingsun angayomaké méga ing dhuwurira,[89] sarta Ingsun

وَظَلَّلْنَا عَلَيْكُمُ الْغَمَامَ وَأَنزَلْنَا عَلَيْكُمُ الْمَنَّ

87. Pinanggihipun wonten ing Bébel cariyos punika namung kasebut wonten ing Pangentasan 19: 16, 17. “Kacarita ing dina katelune ing wayah ésuk ing gunung ana gludhug lan bledhèg tuwin mendhung kang kandel, apa manèh suwarané kalasangka luwih sora, temahan para wong sapakuwon padha gumeter. Musa tumuli ngirid para wong metu saking pakuwon, padha madhep marang Allah, anggoné ngadheg ana ing ngarepé pèrènganing gunung.” Ananging cariyos Israil nerangaken piprincènipun, dados kateranganipun Quran punika wonten ingkang ngiyataken.

Tembung *Shâ'iqah*, kados déné ingkang kasebut ing dhawuh ngriki, tuwin dipun tegesi: siksa, punika sajatosipun ateges: “sabab ingkang anjalari pejah,” dados sanès “pejahipun” (AH, Zj). Ingkang asli tembung wau ateges *bledhèg* utawi *suwantening bledhèg*, mila inggih ateges *sadhéngah suwanten ingkang anggigirisi* (AT-LL). Tembung wau ugi ateges *sadhéngah siksa ingkang ambilaéni* (LL). Lalampahan punika ugi kasebutaken ing 7: 155 makaten: “Lan Musa wus milih wongé, wong lanang pitung puluh, tumrap waktu kang wus Ingsun tamtokaké; lah bareng lindhu anempuh dhèwèké …...” Dados *sha'iqah* ingkang kasebut ing ayat ngriki, punika sami kaliyan *lindhu* ingkang kasebut ing 7: 155, milanipun tembung wau ing ayat ngriki ateges: suwanten ingkang anggigirisi ingkang ngrumiyini lindhu.

88. Tembung *maut* punika boten mesthi ateges *pejah.* Tembung wau gadhah teges: *ical raosipun, ical kakiyatanipun mikir, tilem*, tuwin sanès-sanèsipun (Rgh, LL). Déné *maut* ingkang kasebut ing ayat punika, punika ingkang dipun karsakaken ical raosipun ing sawatawis wekdal, jalaran ing ngriku ugi Kanjeng Nabi Musa ugi kapangandikakaken manawi “ambruk sumaput” (7: 143), sarta pratélan wau dipun sambeti malih “bareng *wus éling*.” Ingkang makaten punika ugi namani para sahabatipun, awit, saking punika, mila tembung wau namung ateges: *ical raosipun* utawi *sumaput* utawi *boten ènget.*

89. Miturut Pangentasan 13: 21 tuwin ayat sanès-sanèsipun, nalika titiyang Israil bidhal saking Mesir, Pangéran maringi tugu méga kanggé nuntun lampahipun. Wiwit ing wekdal wau tugu méga wau tansah ngiringaken titiyang Israil wonten ing saganten wedi. Tugu méga wau manawi ing wanci dalu padhang mencorong, supados madhangi manawi sampun wanci peteng, déné ing wanci siyang tugu méga wau kandel sanget tuwin anggameng, prayogi sanget kanggé ngayomi titiyang Israil saking bentèring Saganten Wedhi Arab ingkang anggigirisi punika salebetipun sami andhon lampah. Quran boten mangandikakaken bangsanipun tugu méga ingkang saged madhangi ing wanci dalu lan saged mayungi ing wanci siyang kados makaten wau, inggih punika kawontenan ingkang sulaya sanget kaliyan kudrat, tur lastantun ngantos sekawan dasa taun laminipun. Quran namung nerangaken bilih

anurunaké manna lan salwa[90] marang sira: Padha mangana barang becik paparing-Ingsun ing sira; lan ora padha atindak dudu marang Ingsun, balik (malah) atindak dudu marang jiwané dhéwé.

وَالسَّلْوٰى ۭ كُلُوْا مِنْ طَيِّبٰتِ مَا رَزَقْنٰكُمْ ۭ وَمَا ظَلَمُوْنَا وَلٰكِنْ كَانُوْٓا اَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُوْنَ ﴿٥٧﴾

58 Lan nalikané Ingsun ngandika: Padha mlebua ing nagara iki[91] banjur padha mangana wetuné ing kono endi ing sakarepira kalawan umbaran, sarta padha malebua lawangé kalawan tumundhuk[92] sarta ngucapa: Mugi Tuwan ambirat sasanggèn kawula ingkang awrat punika,[93] Ingsun bakal

وَاِذْ قُلْنَا ادْخُلُوْا هٰذِهِ الْقَرْيَةَ فَكُلُوْا مِنْهَا حَيْثُ شِئْتُمْ رَغَدًا وَّادْخُلُوا الْبَابَ سُجَّدًا وَّقُوْلُوْا حِطَّةٌ نَّغْفِرْ لَكُمْ خَطٰيٰكُمْ ۭ

wonten ing sawenèh panggènan, salebetipun sami andhon lampah wonten saganten wedhi, titiyang Israil wau sami dipun ayomi ing méga, bokmanawi punika nalika bantèripun Saganten Wedhi Arab sakalangkung déning sanget ngantos boten kiyat sinandhang malih.

90. *Manna* lan *salwâ* punika saminipun ing Serat Pangentasan bab ingkang kaping 16, manna lan peksi selaf (gemak). Tegesipun ingkang asli, *samubarang ingkang saged dipun pikantuk ing tiyang kalayan boten mawi rekaos* (LL), saking tetembungan من عليه jawinipun: *maringi nugraha marang dhèwèké.* Kasebut ing hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi الكمئة من المن *jamur* punika kapangandikakaken manawi satengah saking *mann.* Nalika nerangaken tembung *turanjabil*, LL nerangaken makaten: "Bangsanipun manna; manna ingkang saking tutuwuhan ingkang mawa eri, ingkang déning tiyang Arab kawastanan *haj*, mila para sarjana ahli kawruh tutuwuhan bangsa Éropa mastani *Alhagi*; miturut Dr. Roylé punika legèn ingkang legi raosipun, ingkang kaderes saking *Alhagi maurorum*, ingkang lajeng anjendhel dados pringkilan alit-alit kathah kados wiji gandum, ingkang kaprahipun kanamakaken ing basa Pérsi *manna*; bangsanipun ebun ingkang asring dhumawah ing Khurasan sarta ing Ma-wara-un-nahr punapa déné ing nagari kita, ingkang asring ing *haj*; ingkang saé piyambak inggih punika ingkang taksih énggal utawi taksih teles lan pethak (Ibnu Sina'), inggih punika *mann* utawi manna ingkang kasebut ing dalem Quran." Sawenèh mastani mann punika maben. Salwa tegesipun: "samukawis ingkang saged suka pamarem ing tiyang nalika kikirangan tedha." Salwa punika sawenèh peksi ingkang rupinipun kados gemak (LL). *Manna* lan *Salwâ* punika dados tetedhanipun titiyang Israil wonten ing saganten wedhi. Miturut Zj Manna lan Salwa punika nyakup sadaya barang ingkang kaparingaken déning Allah dhateng titiyang Bani Israil ing saganten wedhi, minangka nugraha punapa déné kaparingaken lalahanan, boten mawi rumagang ing damel (AH).

91. Bokmanawi kitha punika kitha *Syittim* "Anggone apakuwon iku ana ing imbangé Yarden, saka ing Beth-Yesimoth tutug ing Abel-Syittim, ing aré wawengkoné bangsa Mo'ab," utawi Yerikho, ingkang dunungipun ing sacelakipun nunggil satanah ngaré (Wilangan 33: 49, 50). Inggih nalika wonten ing ngriki punika anggènipun para titiyang Israil sami mintonaken tindak dosa ingkang sakalangkung anjejemberi. "Kacarita Israil isih apakuwon ana ing Syittim, mangka para wong akèh padha wiwit laku jina karo wadon wong Mo'ab" (Wilangan 25: 1).

92. Lumebet ing gapuraning kitha kalayan tumundhuk, punika boten teka ateges bilih para titiyang wau sami kadhawuhan lumebet kitha nyèlèhaken bathukipun wonten ing siti. Déné tegesipun wigatos andhawuhaken, salebetipun sami manggèn ing kitha, ingkang ing ngriku badhé sami saged ngraosaken sawarnining kasenengan, punika samia tetep konjem lan sumarah.

93. *Hiththatun* (saking tembung *haththa* jawinipun *nyèlèhaké*), punika *panyuwun supados dosa sasanggènipun kabirat*. Dipun riwayataken Kanjeng Nabi dhawuh dhateng pandhèrèkipun makaten:

وَسَنَزِيدُ الْمُحْسِنِينَ ۝٥٨

ngapura ing kaluputanira lan bakal aparing wuwuh marang wong kang agawé becik (ing liyan).

فَبَدَّلَ الَّذِينَ ظَلَمُوا قَوْلًا غَيْرَ الَّذِي قِيلَ لَهُمْ فَأَنْزَلْنَا عَلَى الَّذِينَ ظَلَمُوا رِجْزًا مِنَ السَّمَاءِ بِمَا كَانُوا يَفْسُقُونَ ۝٥٩

59 Ananging para kang atindak dudu padha nyalini kalawan wicara kang ora diwicarakaké marang dhèwèké,[94] mulané Ingsun anurunaké siksa saka ing langit marang kang atindak dudu, amarga anggoné padha murang-yakti.[95]

RUKU' 7

Nugrahanipun Pangéran dhateng tiyang turun Israil sarta bab ambegugukipun para titiyang Israil wau

60. Nabi Musa andodonga nyuwun toya ngombé sarta manggih tuk kalihwelas. 61. Tiyang turun Israil sami jelèh dhateng tedhanipun ing ara-ara samun sarta punika kadhawuhan manggèn ing kitha. Gesang angéca-éca nuntun dhateng panerak sarta wekasanipun dhateng karisakan.

وَإِذِ اسْتَسْقَىٰ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِ فَقُلْنَا اضْرِبْ بِعَصَاكَ الْحَجَرَ ۖ فَانْفَجَرَتْ مِنْهُ اثْنَتَا

60 Lan nalikané Musa nyuwunaké ngombé kaumé, Ingsun ngandika: *Nyabeta watu kalawan tekenira*.[96] Tumuli saka ing kono

Ut. *golèka dalan marang gunung kalawan umatira*

"Padha ngucapa: *Kula sadaya sami nyuwun pangapunten dhateng Gusti Allah tuwin wangsul dhateng Panjenenganipun kanthi piduwung (tobat)*;" lajeng dipun sambeti pangandika makaten: "Sayekti iku *hiththatun* kang kadhawuhaké supaya diucapake déning wong Bani Israil kaé" (I, Hsh. Bab Hudaibiyyah). Awit saking punika, nadyan sawenèh mufassirin negesi tembung wau mengku suraos ngakeni ing kasawijènipun Allah utawi prakawis pamanggènipun wonten ing kitha, dhawuh pangandika Nabi Suci wau saged nyethakaken, bilih tembung wau namung ateges nyuwun pangapunten.

94. Para titiyang wau sami gadhah tindak ingkang sulaya kaliyan angger-angger lan dhawuhipun Pangéran ingkang sampun kaparingaken dhateng piyambakipun. Ngéwahi wahyuning Pangéran punika tegesipun ngéwahi wujudipun panapa déné atindak ingkang nulayani kaliyan ngesipun Kitab. Miturut Bébel: "Kacarita Israil isih apakuwon ana ing Syittim, mangka para wong akèh padha wiwit laku jina karo anaké wadhon wong Mo'ab. Déné iku padha ambujuk para wong akèh mau ingajak mèlu sidhekah anyembah déwané wong Mo'ab; banjur kalakon padha mangan kambi nyembah déwa mau. Israil dadiné rumaket marang Ba'al-peor, mulané bebenduné Yéhuwah mulad-mulad marang Israil" (Wilangan 25: 1-3).

95. Siksa ingkang andhawahi manusa margi saking tindakipun duraka, dipun pangandikakaken bilih dhatengipun *saking langit*, punika bokmanawi kémawon mengku teges bilih siksa wau boten kénging tinulak sarana ikhtiyar limrah. Pageblug ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika kasebut wonten Bébel ing Wicalan 25: 8, 9; miturut Bébel wau wonten tiyang 24.000 ingkang sami pejah déning pageblug wau. Lalampahan punika ugi kasebutaken malih ing 7: 161, 162.

96. اضْرِبْ بِعَصَاكَ الْحَجَرَ punika limrahipun dipun jarwani *nyabeta watu kalawan tekenira.* Ananging kula nganggé teges sanès; malah dhawuh wau ugi kénging dipun tegesi: Gawéya dalan marang gunung kalawan umatira. Tembung titiga ingkang anggatrakaken dhawuh wau perlu katerangaken. Ingkang rumiyin piyambak tembung *dlarb*, tegesipun ingkang sakawit *anggebug* utawi

ambludag sumberané rolas; siji-sijining pancer padha weruh pangombéné dhéwé-dhéwé.[97] Padha mangana lan ngombéa rejekining Allah, sarta aja agawé piala ing bumi, agawé wisuna (ing kono).

عَشْرَةَ عَيْنًا ۖ قَدْ عَلِمَ كُلُّ أُنَاسٍ مَّشْرَبَهُمْ ۖ كُلُوا وَاشْرَبُوا مِن رِّزْقِ اللَّهِ وَلَا تَعْثَوْا فِي الْأَرْضِ مُفْسِدِينَ ﴿٦٠﴾

61 Lan nalikané sira padha matur: Dhuh (Nabi) Musa, kula

وَإِذْ قُلْتُمْ يَا مُوسَىٰ لَن نَّصْبِرَ عَلَىٰ طَعَامٍ وَاحِدٍ

nyabet. Nanging miturut LL "Tembung *dlarb* punika kanggé nedahaken sawarnining tindak kajawi namung sawatawis ingkang boten." Nanging tembung *dlarb* ingkang mengku teges *kekésahan* utawi *ngupados margi*, punika asring sanget pinanggih. ضرب الارض tuwin ضرب في الارض sami tegesipun, inggih punika *lalaku ana ing bumi* utawi *lulungan* utawi *gagancangan ana ing bumi* (TA-LL). Tembung wau ingkang mengku suraos kados makaten punika kagem wonten ing pangandikanipun Bagéndha Ali ingkang misuwur ضرب يعسوب الدين بذنبه jawinipun *Panuntuning agama bakal énggal-énggal lunga ana ing bumi.* Tetembungan ضربت الارض كلها dipun tegesi déning LA makaten: *Aku wis anggolèki dhèwèké ing saindhengé bumi.* Samangké lajeng tembung *'asha*, ingkang tegesipun ingkang limrah *teken*, nanging tegesipun ingkang sakawit *kawontenan kempal dados satunggal* (TA-LL), sarta tembung wau dipun anggé sacara ngibarat kanggé nembungaken *umat*; شق العصا tegesipun *misah saking kempalanipun titiyang kathah* utawi *umat* (Islam), makaten ugi tiyang *Khawarij* dipun tembungaken قد شقوا عصا المسلمين jawinipun *padha gawé pepecahan ana ing pakumpulané lan kasawijèné* utawi *umat Islam.* Mila tetembungan اياك وقتيل العصا punika tegesipun *dingati-ati aja nganti kowé dadi wong kang matèni* utawi *wong kang pinatènan jalaran gawé pepecahan ana ing kalangané umat Islam* (LA). Makaten ugi انشقت العصا tegesipun *tuwuh ana pasulayan* (LA). *Hajr* tegesipun *séla*, tuwin ugi ateges *redi ingkang boten wonten marginipun*, kados déné kateranganipun Tsa'labi nalika nerangaken tembung wau ingkang pinanggih wonten ing kidunganipun Firazdaq. Awit saking punika dados teges ingkang kanggé ing ngriki, tuwin teges warni kalih sanèsipun, punika ing atasing tembung sampun leres. Ing Bébel boten wonten pèngetan ingkang pandamelipun nunggili wekdal kaliyan kelampahanipun lalampahan punika, déné pèngetan ingkang pinanggih ing ngriku, boten saged suka pitulungan kathah. Ing Pangentasan 17: 1-6 kacariyosaken bilih Kanjeng Nabi Musa minggah dhateng parang ing Khoréb kaliyan para pinisepuh, saha sareng nyabetaken agemipun sampéyan dhateng parang, sanalika parang lajeng medal toyanipun; nanging boten wonten ingkang nyebutaken tuk kalihwelas, sarta katerangaken bilih wedaling toya wau namung kasumerepan déning para pinisepuh pitung dasa. Nanging rèhning Marah (Pangentasan 15: 23) punika ing sapunikanipun misuwur nama '*Uyuni Musa*, inggih punika *tukipun Nabi Musa* (*Bib. Dict. Cambridge Press*, Art. "*Wilderness*"), mila lajeng tuwuh wonten semang-semang, punapa lalampahan ingkang kasebutaken ing Pangentasan 17: 1-6 wau sampun leres anggènipun mèngeti, langkung-langkung punika cawuh kaliyan lalampahan sanès ingkang kacariyosaken kelampahan wonten ing *Rephidim*, inggih punika panggènan anggènipun Kanjeng Nabi Musa nyabet séla.

97. Cacahipun tuk punika sami kaliyan cacahipun pancer. Awit saking punika mila saged ugi ingkang dipun karsakaken ing ayat punika sendang kalihwelas iji ing Élim (Pangentasan 15: 27), inggih punika panggènan leremipun titiyang Israil wiwit saking anggènipun sami bidhal saking Marah. Langkung-langkung pancer kalihwelas, ingkang mengku jiwa watawis 600.000 tiyang, punika sagedipun kacekap kalayan tuk kalihwelas ingkang pisah-pisah, punika namung manawi tuk-tuk wau manggènipun tebih letipun antawisipun satunggal kaliyan satunggalipun punapa déné boten ngetuk saking tuk satunggal. Kacocogna ugi kaliyan ayat candhakipun, ing ngriku kapangandikakaken bilih panyuwunipun titiyang Israil tetedhan warni-warni, punika dipun pinangkani sarana kadhawuhan migunakaken lampah ingkang limrah, inggih punika dudunung ing kitha tuwin ngolah siti.

فَادْعُ لَنَا رَبَّكَ يُخْرِجْ لَنَا مِمَّا تُنْبِتُ الْأَرْضُ
مِنْ بَقْلِهَا وَقِثَّائِهَا وَفُومِهَا وَعَدَسِهَا وَبَصَلِهَا ۖ
قَالَ أَتَسْتَبْدِلُونَ الَّذِي هُوَ أَدْنَىٰ بِالَّذِي هُوَ
خَيْرٌ ۚ اهْبِطُوا مِصْرًا فَإِنَّ لَكُمْ مَا سَأَلْتُمْ ۗ وَ
ضُرِبَتْ عَلَيْهِمُ الذِّلَّةُ وَالْمَسْكَنَةُ وَبَاءُوْ
بِغَضَبٍ مِنَ اللَّهِ ۗ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَانُوا يَكْفُرُونَ
بِآيَاتِ اللَّهِ وَيَقْتُلُونَ النَّبِيِّينَ بِغَيْرِ الْحَقِّ ۗ

sami boten kuwawi namung kalayan tetedhan (warni) satunggal,[98] milanipun kula sami sampéyan suwunaken Pangéran sampéyan, supados Panjenenganipun amedalna tutuwuhaning bumi, mikantuki dhateng kula, kadosta: jajanganipun, lan timunipun, lan bawangipun,[99] lan kedhelénipun sarta brambangipun. Calathuné: Apa kowé padha nyuwun liru barang kang luwih rèmèh (kanggo liruné) barang kang luwih becik? Padha menyanga kutha,[100] amesthi sira bakal olèh apa panjalukira. Lan ina sarta asor ditibakaké marang dhèwèké, lan wis mungguh olèh bebenduning Allah;[101] kang mangkono mau amarga saka anggoné padha angafiri timbalan-timbalaning Allah lan nyédani para nabi kalawan ora bener;[102] mangkono

98. "Aku padha karantan-rantan marang iwak olèhku mangan tanpa pathukan ana ing Mesir, lan marang timun, semangka, khatsir, brambang apa déné bawang putih ing kono. Mangka saiki nglentéré baé nyawaku; ing ajangan ora ana barang-bèrèng kajaba mung éman iki baé …… Musa amiarsa tangisé para wong ing sabrayat-brayaté, ana ing lawanging tarubé dhéwé-dhéwé" (Wilangan 11: 5-10).

99. Tembungipun Arab *fum*, ingkang kénging dipun tegesi *bawang* utawi *wiji gandum*; nanging rèhning waosanipun ingkang kaping kalih *tsum*, ingkang namung ateges: bawang, mila tétéla tembung wau boten saged dipun tegesi *wiji gandum.*

100. Anggènipun negesi tuwan Sale "Padha menyanga Mesir" punika lepat. Tembung *mishr* ingkang kagem ing ayat ngriki punika tembung aran limrah, tegesipun *kitha*. Bokmanawi panggènan ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika Chatzerot (Wilangan 11: 35), "satunggaling papan pakèndelan manawi lalampah ing saganten wedhi, pakèndelan ingkang kaping kalih sasampunipun Thur Sina, bokmanawi ingkang ing samangkénipun dipun wastani *'Ainu-l-Huderah*, watawis sekawan dasa mil salèr-wétanipun Jabal Musa" (*Bib. Dict. Camb*.).

101. Ayat punika mangandikakaken temahan ingkang kasandhang déning titiyang Bani Israil, sareng piyambakipun sami ambeguguk nglirwakaken dhawuhipun Pangéran tuwin manggung nindakaken pandamel awon tuwin pandamel nistha. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika langkung tartamtu tumuju dhateng lalampahanipun Bani Israil ing jaman pawingkingipun. Manawi kacocogaken kaliyan 3: 111 cetha leresipun katrangan punika, jalaran ayat wau, ingkang mèh sami kémawon ungelipun kaliyan ayat ingkang karembag punika, kalayan cetha anggènipun mangandikakaken lalampahanipun Bani Israil ing jaman pawingkingipun.

102. Kados déné ingkang sampun katerangaken ing nginggil, dhawuh punika mangandikakaken lalampahanipun Bani Israil ing jaman pawingkingipun, dados para mufassirin sami mratélakaken contonipun, Nabi Yahya Pambaptis tuwin Nabi Zakariya putranipun Barakiyah kasédanan déning titiyang Yahudi, punika boten nama cawuh anggènipun ngurutaken satunggal-tunggaling lalampahan ingkang béda-béda wekdal kelampahanipun. Déné titiyang Yahudi pranyata sami nyédani nabi kakalih wau, punika kabuktèn déning pasaksènipun Kanjeng Nabi Isa piyambak, inggih punika

Iku amarga saka anggoné ambang-
kang lan ngliwati wates.

ذٰلِكَ بِمَا عَصَوْا وَّكَانُوْا يَعْتَدُوْنَ ﴿٦١﴾

RUKU' 8

Risaking kalakuanipun tiyang turun Israil

62. Rahayu punika boten namung kadhaku ing umat satunggal kémawon. 63, 64. Prajanjian kaliyan Israil sarta anggènipun nyidrani. 65, 66. Ingkang sami nerak Sabbath kadadosaken nistha. 67, 71. Nabi Musa dhawuh mragat lembu minangka pambirating panembah lembu.

62 Sayekti wong kang padha angèstu lan wong kang Yahudi, sarta wong Nasrani tuwin wong Sabiah[103] – sapa baé sing angèstu ing Allah lan dina akhir sarta atindak becik, padha olèh ganjarané ana ing ngarsaning Pangérané, sarta padha ora kataman wedi lan ora bakal padha susah.[104]

إِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَالَّذِيْنَ هَادُوْا وَالنَّصٰرٰى وَالصّٰبِـِٕيْنَ مَنْ اٰمَنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ وَعَمِلَ صَالِحًا فَلَهُمْ اَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۚ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ﴿٦٢﴾

---

panjenenganipun netepaken kalepatanipun titiyang Yahudi margi "sakèhing getih resik kang wus kawutahaké ana ing bumi, wiwit saka getihé Abil kang mursid, kongsi tumeka getihé Zakariya anaké Barakiyah" (Mattéus 23: 35), tuwin nglepataken para Yahudi wau margi pangakenipun ingkang lalamisan bilih "manawa aku padha menangana ing jamané luhurku, mesthi aku padha ora ngubungi anggoné mutahaké getihing para nabi" (Mattéus 13: 30). Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih punika ugi nyasmitani anggènipun para Yahudi sami damel upaya badhé nyédani ing Kanjeng Nabi Muhammad saw.

103. Tiyang *Shabi'ah* punika kasebutaken wonten ing dalem Quran Suci ambal kaping tiga, ing ayat punika, ing 5: 69 kasebutaken sasarengan kaliyan titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani, tuwin ing 22: 17 kasebutaken kaliyan titiyang Yahudi, Nasrani lan titiyang Majusi. Miturut *En. Br.*, titiyang Sabi'ah punika golongan satengah Nasrani ing Babilonia, sami kaliyan ingkang sok kawastanan "Sraniné nabi Yahya Pambabtis." Panginten-inten asal saking basa punapa nama wau, pinanggih asal saking basa Aramaik, kacariyos tegesipun ingkang asli *wong kang padha adus*; kacariyos ugi punika dipun kiyataken déning para pangarang Arab margi anggènipun sami mastani titiyang Sabi'ah wau *Al-mugtasilah.* Panganggep bilih para titiyang Sabi'ah punika para manembah lintang, punika klèntu. Kacariyos klèntunipun wau déné cawuh kaliyan tiyang Sabi'ah-tiron ing Harrian, ingkang nalika jaman pepréntahanipun Khalifah Al-Ma'mun ing taun Maséhi 830, sami nedha dipun namakaken tiyang Sabi'ah, supados saged kagolongaken éwonipun "tiyang ahli Kitab." Para mufassirin sami béda-béda pamanggihipun ing babagan tiyang Sabi'ah wau. Ingkang kathah sami sarujuk mastani bilih tiyang Sabi'ah punika tiyang ingkang nganggé agami satengah Yahudi satengah Nasrani, adhadhasar pangandel tauhid (mastuti ing kasawijènipun Pangéran), nanging ugi nembah para malaikat. Ingkang kathah-kathah boten sami anggolongaken tiyang Sabi'ah wau éwonipun *Ahlu-l-Kitâb*, pandhèrèking Kitab (AH).

104. Ayat punika nyirnakaken panganggep bab wontenipun umat utawi bangsa sinelir, kinasih, ingkang miturut panganggepipun namung tiyang saking golonganipun umat sinelir wau ingkang saged manggih karahayon. Bab punika katerangaken ing ngriki kanggé anedahaken bilih sanajan tiyang Yahudi pisan, ingkang jalaran saking anggènipun sami murang-yakti pantes tampi bebenduning Pangéran, punika ugi taksih saged angsal ganjaran ageng, manawi sampun purun angèstu tuwin purun nindakaken pandamel saé. Kaèngetana, kados déné ingkang sampun kapratélakaken ing katrangan angka 9, iman ing Allah lan iman ing dinten akhir, punika ingkang dipun karsakaken iman bilih agami

63 Lan nalikané Ingsun amundhut prajanjinira sarta Ingsun andhuwuraké gunungé angungkuli sira:[105] Padha cekelana kalawan santosa apa kang wus Ingsun paringaké marang sira sarta padha élinga apa kang ana ing jeroné, darapon sira padha kareksa (saka ing ala).

وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَاقَكُمْ وَرَفَعْنَا فَوْقَكُمُ الطُّورَ خُذُوا مَا آتَيْنَاكُم بِقُوَّةٍ وَاذْكُرُوا مَا فِيهِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿٦٣﴾

64 Tumuli, sawisé mangkono, sira padha ambalik, mulané yèn ta ora anaa nugrahaning Allah sarta wilasa-Né marang sira, sayekti sira padha kapitunan.

ثُمَّ تَوَلَّيْتُم مِّن بَعْدِ ذَٰلِكَ ۖ فَلَوْلَا فَضْلُ اللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُ لَكُنتُم مِّنَ الْخَاسِرِينَ ﴿٦٤﴾

65 Lan sayekti sira temen wis weruh wong ing antaranira kang padha nerak wawates ing Sabbat,[106] – mulané padha Ingsun

وَلَقَدْ عَلِمْتُمُ الَّذِينَ اعْتَدَوْا مِنكُمْ فِي السَّبْتِ

Islam punika agami ingkang yekti. Andharanipun makaten: karahayon punika boten saged kagayuh namung sarana pangakening lésan kémawon, sami ugi déning para Muslimin punapa déning umat sanès; sagedipun kagayuh ngemungaken manawi sami purun manut iman ingkang sajati, ingkang leres, tuwin pandamel ingkang saé. Wondéné para ingkang sami anggegegi agaminipun piyambak-piyambak, punika kadhawuhaken ing 22: 17 bilih "ing dina kiyamat Allah bakal amancasi antarané dhèwèké." Prakawis wontenipun titiyang utami ing agami sanès, punika boten kok boten dipun akeni déning Quran Suci. Nanging karahayon ingkang sampurna, inggih kawontenan tentrem ingkang sampurna, ingkang katembungaken "uwal saking susah lan kuwatos," punika namung saged ginayuh ing dalem agami Islam piyambak, jalaran inggih namung agami Islam piyambak, agami sumarah ingkang ambabar pisani dhateng Pangéran punika.

105. "Anggoné ngadeg ana ing ngarepé pèrèngané gunung." (Pangentasan 19: 17). Boten wonten satunggal punapa ing dalem dhawuhing Quran, ingkang ngiyataken cariyos tanpa waton, bilih redinipun gumantung ing awang-awang ing sanginggiling sirah-sirahipun titiyang Bani Israil, murih samia giris manahipun tuwin lajeng sami purun sumarah (mirsanana katrangan angka 957). Anggènipun ngagem tembung rafa'a, punika nocogi kaliyan wateking basa Arab, jalaran tembung wau ateges *ngadegaken* utawi *nginggilaken griya* (Rgh-LL). Tembung punika ingkang mengku suraos makaten wau kagem wonten ing ayat 127.

106. Tegesipun ingkang asli tembung *sabt* (saking ngriki punika tuwuhipun tembung *Sabt* ingkang jawinipun dinten sabat) punika *medhot* (Rgh). Inggih kados makaten punika ugi pamanggihipun Az, ingkang boten ngrujuki manawi tembung *sabt* wau mengku teges *ngaso* (LL). Mila dipun wastani *Sabt* utawi dinten Sabat, *jalaran ing dinten wau titiyang Yahudi sami kèndel, boten nyambut damel* (TA). Para titiyang Yahudi lan para titiyang Nasrani sami minakaken dinten satunggal ingkang mligi namung kanggé nindakaken panembah miturut agaminipun, sarta ing dinten wau sami kaawisan nindakaken padamelan punapa kémawon. Ing kalanganipun tiyang Muslimin boten wonten dinten Sabat ingkang kados makaten wau lèrègipun, awit ing dalem agami Islam boten wonten dinten ingkang tartamtu ingkang dipun ginakaken mligi namung kanggé manembah dhateng Pangéran. Kosokwangsulipun, titiyang Muslimin kadhawuhan sembahyang ing salebetipun nindakaken padamelanipun ing sadinten-

pangandikani: Lah padha dadia (kaya) kethèk, ingina lan sinengitan.[107]

فَقُلْنَا لَهُمْ كُونُوا قِرَدَةً خَاسِئِينَ ۚ ٦٥

dinten, dalasan sembahyang Jum'ah inggih makaten ugi, jalaran Quran piyambak kanthi dhawuh ingkang terang marengaken nindakaken padamelan, sami ugi sadèrèngipun utawi sasampunipun sembahyang Jum'ah (mirsanana katerangan angka 2505).

Dhawuh-dhawuh supados titiyang Yahudi sami mulyakaken dinten Sabat punika kathah sanget, nanging pinanggihipun titiyang Yahudi tansah sami nerak wantun, ngantos inggih jalaran saking punika para nabi ingkang kantun-kantun sami andukani piyambakipun kanthi ngeblak (mirsanana katrangan angka 107).

107. Mjd nerangaken dhawuh punika makaten: *Para titiyang wau boten teka lajeng malih rupi, wangsul punika namung sanépa ingkang kadamel déning Allah tumrap para titiyang wau, saminipun kados déné anggènipun Allah nyanépakaken tiyang wau kados himar* (62: 5) *inggih punika manah-manahipun sami malih, boten teka rupinipun ingkang malih dados kethèk* (IJ). Ayat sambetipun ngiyataken katrangan punika, awit kethèk makaten boten saged dados piwulang dhateng tedhak turunipun, ing sasampunipun kelampahan malih rupi wau. Nanging manawi kawontenanipun titiyang Israil ingkang nistha, punika saged dados piwulang. Nalika nerangaken ayat punika Rgh mawi ngandika: *Kacariyos bilih Gusti Allah andadosaken budipakertinipun ingkang kados déné kethèk.* Mirsanana ugi 5: 60 "(Sing luwih ala iku yaiku) sapa kang dila'nati déning Allah sarta kang katibanan bendu-Né, tuwin ana kang padha kadadèkaké kethèk lan cèlèng apa déné kang ngabdi sétan: iki padha luwih ala panggonané sarta luwih sasar saka dalan kang bener." Katerangan kawontenanipun titiyang Israil ingkang kados makaten punika nèlakaken kanthi cetha, bilih ingkang dipun karsakaken punika: titiyangipun, ingkang sami niru kethèk lan andhapan. Mirsanana ugi 4:47: "Utawa (Ingsun bakal) ngla'nati dhèwèké kaya anggon-Ingsun wus ngla'nati para panerak dina Sabat." Ingkang tumrap para mengsahipun Kanjeng Nabi saking èwonipun titiyang Yahudi, ingkang dipun karsakaken wonten ing dhawuh *Ingsun bakal ngla'nati ing dhèwèké*, punika boten sami malih rupinipun, éwadené katerangaken ing ngriki bilih mesthi badhé sami kataman ing la'nat saminipun ingkang sampun namani para panerak Sabat. Manawi kacocogaken kaliyan Pangandharing Torét bab 28, tétéla bilih la'nat ingkang dipun wecakaken déning Kanjeng Nabi Musa tumrap titiyang Israil, punika ingkang dipun karsakaken anggènipun para titiyang Israil wau sami sumebar wonten ing tengah-tengahing bangsa-bangsa ing bumi punika, sarta inggih makaten punika nasib ingkang kasandhang déning para Yahudi mengsahipun Kanjeng Nabi. Asal-usulipun tembung *qiradah*, ngiyataken pamanggih ing nginggil. *Fi'il madli* (tembung kriya ingkang nedahaken wekdal ingkang sampun) *qarida* punika tegesipun (*wuluning ménda*) *sami anggègrègi saking sakedhik saking badanipun ménda, sarta ugi ateges: dados nistha, utawi kèndel cep jalaran kanisthan* (LL). *Qiradah* punika *jama'*-ipun tembung *qird*, jawinipun *kethèk*, saha tumrapipun bangsa Arab kethèk punika kanggé sekar-lathi kéwan ingkang resah. Titiyang Arab wicanten: ازنى من قرد jawinipun *luwih rusuh katimbang kethèk* (LL). Manawi ningali Bébel, ing ngriku pinanggih bilih titiyang Israil sami dados *kethèk* miturut suraosipun tembung ingkang kanggé ing basa Arab, déning anggènipun sami nerak dhawuhipun Pangéran. "Sesengkeraningsun wus sira campahi, tuwin sabatingsun sira sawiyah. Wong ambeg wadul ana ing sira kang padha ngarah angwutahaké getih, ing tengahira wong padha mangan ana ing gunung-gunung, wong padha duwé pokal kang ngisab-isabaké ana ing tengahira. Ana ing sira kalakon wong angungkabi kawirangan wewenangé bapakné, wong wadon kang nandhang najis lagi suker diramuhi. Ana kang nglakoni kadursilan karo bojoning liyan. Ana kang ngrusuhi bojoning anaké, ana manèh ing tengahira kang angramuhi saduluré dhéwé, anaking bapakné, ….. Sira mesthi sunbuyaraké menyang ing antarané para umat, lan sunsebaraké ana ing tanah-tanah ngamanca" (Yékhézkiyél 22: 8-15). Bébel lan Quran sami mastani tiyang ingkang resah punika segawon; lah manawi punika dipun èngeti, boten wonten angèlipun badhé mangertosi punapa ingkang dipun karsakaken ing tembung kethèk wau, saya malih manawi dipun kanthèni tembung *kang ingina lan sinengitan* murih saya langkung cetha malih suraosipun. Dodongèngan-dodongèngan ingkang nyariyosaken bilih titiyang Israil malih rupi kethèk saèstu manawi ing wanci énjing, punika ngayawara tuwin boten wonten watonipun. Pamecanipun Kanjeng Nabi Musa bab nasib ingkang kasandhang déning bangsa Yahudi, laras kaliyan

66 Banjur Ingsun dadèkaké tepa tuladha tumrap wong kang padha menangi lan kang teka ing sapungkuré lan dadia wulang tumrap wong kang padha bekti.

فَجَعَلْنٰهَا نَكَالًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهَا وَمَا خَلْفَهَا
وَمَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِيْنَ ﴿٦٦﴾

67 Lan nalikané Musa calathu marang kaumé: Sayekti Allah andhawuhi sira supaya sira padha ambelèha sapi;[108] padha matur: Punapa sampéyan adamel gugujengan dhateng kula? Calathuné: Aku nyuwun reksa ing Allah aja nganti aku dadi éwoné wong kang padha bodho.

وَإِذْ قَالَ مُوْسٰى لِقَوْمِهٖٓ إِنَّ اللّٰهَ يَأْمُرُكُمْ أَنْ
تَذْبَحُوْا بَقَرَةً ۗ قَالُوْٓا أَتَتَّخِذُنَا هُزُوًا ۗ قَالَ
أَعُوْذُ بِاللّٰهِ أَنْ أَكُوْنَ مِنَ الْجٰهِلِيْنَ ﴿٦٧﴾

kateranganipun Quran Suci ing ayat punika utawi ing panggènan sanès: “Sarta Yéhuwah mesthi anyebaraké kowé ana ing panggonané sakèhé para bangsa, saka ing pungkasané bumi tutug pungkasan sisihé ....… Ana antarané para bangsa mau kowé bakal ora olèh tentrem, sarta talapakanmu ora olèh aso, malah Yéhuwah angganjar marang kowé gumetering ati lan pegeling mata tuwin girising nyawa” (Pangandharing Torét 28: 64-65).

108. Mragad lembu ing ayat punika, punika boten kok sami kaliyan cariyos mragad pedhèt èstri kanggé tebusan prakawis raja pejah ingkang peteng, ing Pangandharing Torét 21: 1-9. Utawi malih inggih boten sami kaliyan cariyos mragad pedhèt èstri abrit ulesipun, ingkang awunipun kanggé nucèni tiyang ingkang mentas anggepok bangkénipun salah satunggaling tiyang (Wicalan 19: 1-19). Déné mragad lembu ing ngriki punika makaten kateranganipun: Tiyang Bani Israil punika ngaji-aji sanget dhateng lembu, malah ngantos dipun sembah punapa, katitik saking anggènipun nembah pedhèt emas. Awit saking punika mila lajeng dipun dhawuhi mragad lembu, ingkang adat sabenipun dipun umbar sakajeng-kajengipun piyambak sarta dipun sembah-sembah kados déné barang ingkang suci, inggih punika lembu ingkang boten naté dipun alap damelipun, boten naté kaetrapan pasangan, wangsul dipun umbar saba ing sakajeng-kajengipun piyambak. Lah lembu ingkang kasebutaken ing ayat-ayat punika, punika inggih lembu ingkang kados makaten wau kawontenanipun. Ing India lembu ingkang kados makaten wau dumugi sapriki taksih dipun aji-aji sanget. Titiyang Yahudi dipun dhawuhi supados mragad lembu ingkang kados makaten wau, punika miturut Bébel lan inggih miturut Quran Suci mengku sedya kanggé nyirnakaken panyembah lembu saking antawisipun titiyang Bani Israil. Namung bédanipun, manawi miturut Bébel mragad lembu èstri punika pranatan umum, ingkang kedah katindakaken saben-saben wonten prakawis raja pejah ingkang peteng urusanipun tuwin manawi badhé kanggé nucèni tiyang ingkang reged, nanging dhawuh mragad lembu ingkang kasebut ing dalem Quran, punika namung nuju mragad lembu satunggal ingkang tartamtu, ingkang bokmanawi kémawon lembu ingkang dados sesembahan; para mufassirin, ingkang sok ngimbet-imbeti ayat wau kalayan dodongèngan-dodongèngan ingkang ngayawara! Malah menggah ing sajatos-jatosipun lembu ingkang kadhawuhaken mragad punika ulesipun mèmper sanget kaliyan pedhèt emas. Wekasaning dhawuh ing ruku’ punika, nedahaken bilih inggih margi saking anggènipun sami ngaji-aji lembu ingkang kados makaten sisifatanipun wau, déné para titiyang Yahudi sami kedah boten purun kémawon mragad lembu wau. Déné menggah katranganipun lembu èstri ingkang abrit ulesipun wau: “Ing Misyna isi kateranganipun bab punika ingkang panjang apunjung dipun wijang-wijang kalayan premati sisifatanipun, ngantos ing wasananipun R. Nisin nerangaken, bilih wiwit jamanipun Kanjeng Nabi Musa boten wonten tiyang ingkang saged angsal lembu satunggal kémawon ingkang pantes kapragad” (*En. Bib.* col. 846). Katerangan punika nélakaken bilih nalika jamanipun Kanjeng Nabi Musa sampun kelampahan naté angsal satunggal, ingkang pantes kapragad tur nocogi sisifatanipun. Bab titiyang Israil nembah lembu, mirsanana katerangan angka 84.

68 Padha matur: Kula sami sampéyan suwunaken ing Pangéran sampéyan, kaparenga aparing katerangan dhateng kula (lembu) punapa ta punika. (Musa) calathu: Sayekti Panjenengané ngandika: satemené iku sapi dudu kang katuwan, dudu kang kenomen, kang sedhengan, saantarané kang mangkono iku; mulané padha nindakna apa kang didhawuhaké marang sira.

قَالُوا ادْعُ لَنَا رَبَّكَ يُبَيِّن لَّنَا مَا هِيَ ۚ قَالَ
إِنَّهُ يَقُولُ إِنَّهَا بَقَرَةٌ لَّا فَارِضٌ وَلَا بِكْرٌ
عَوَانٌ بَيْنَ ذَٰلِكَ ۖ فَافْعَلُوا مَا تُؤْمَرُونَ ﴿٦٨﴾

69 Padha matur: Kula sami sampéyan suwunaken ing Pangéran sampéyan, kaparenga aparing katerangan dhateng kula, punapa ulesipun. (Musa) calathu: Sayekti Panjenengané ngandika: satemené iku sapi kang kuning; ngunir bosok ulesé, nyenengaké marang sing padha nyawang.

قَالُوا ادْعُ لَنَا رَبَّكَ يُبَيِّن لَّنَا مَا لَوْنُهَا ۚ قَالَ
إِنَّهُ يَقُولُ إِنَّهَا بَقَرَةٌ صَفْرَاءُ فَاقِعٌ لَّوْنُهَا
تَسُرُّ النَّاظِرِينَ ﴿٦٩﴾

70 Padha matur: Kula sami sampéyan suwunaken ing Pangéran sampéyan, kaparenga aparing katerangan dhateng kula, (lembu) punapa ta punika; saèstu tumrapipun kula lembu punika sadaya sami kémawon, sarta manawi Allah nerangaken, saèstu kula sami angsal pitedah.

قَالُوا ادْعُ لَنَا رَبَّكَ يُبَيِّن لَّنَا مَا هِيَ إِنَّ الْبَقَرَ
تَشَابَهَ عَلَيْنَا وَإِنَّا إِن شَاءَ اللَّهُ لَمُهْتَدُونَ ﴿٧٠﴾

71 (Musa) calathu: Sayekti Panjenengané ngandika: satemené iku sapi kang ora diperdi ing gawé maluku lemah lan ora dienggo nyirami sawah, waras, ora ana blentong-blentongé. Padha matur: Ing sapunika sampéyan sampun andhatengaken kayektènipun; mulané banjur padha ambelèhi sapi mau, sanajan (mauné) ora sir nindakaké.[109]

قَالَ إِنَّهُ يَقُولُ إِنَّهَا بَقَرَةٌ لَّا ذَلُولٌ تُثِيرُ
الْأَرْضَ وَلَا تَسْقِي الْحَرْثَ مُسَلَّمَةٌ لَّا شِيَةَ
فِيهَا ۚ قَالُوا الْآنَ جِئْتَ بِالْحَقِّ ۚ فَذَبَحُوهَا
وَمَا كَادُوا يَفْعَلُونَ ﴿٧١﴾

109. *Mirsanana kaca candhakipun.*

RUKU' 9

Saya sami pugal manahipun

72, 73. Anggènipun sami nyédani tiyang agung. 74. Manahipun atos. 75. Sami ngéwahi sabdanipun Pangéran. 76-80. Bodhonipun tuwin kumlungkungipun. 81, 82. Awon lan saé sami wonten wohipun piyambak-piyambak.

72 Lan nalikané sira padha (mèh baé) matèni sawijining wong,[110] tumuli sira padha diya-diniya ing

وَإِذْ قَتَلْتُمْ نَفْسًا فَادّٰرَءْتُمْ فِيهَا

109. Wekasaning dhawuh ing ayat punika, makaten ugi wekasaning dhawuh ing ayat 69, anedahaken bilih lembu ingkang kadhawuhaken dhateng titiyang Israil supados kapragad punika lembu ingkang mligi dipun aji-aji déning titiyang Israil; inggih punika: ingkang wujudipun nyenengaken, sarta titiyang Israil sami awrat manahipun mragad punika. Punika nedahaken bilih lembu wau ingkang cepak kémawon wonten ing kalanganipun titiyang Israil dados sesembahan, mila Kanjeng Nabi Musa inggih lajeng mrayitnani ing sadèrèngipun. Pitedah bab mragad lembu ingkang kados makaten, ingkang kasebutaken ing Pangandharing Torét 21: 1-9 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun, punika minangka panjagi ing salajengipun tumrap titiyang Israil, sampun ngantos sami tumiyung dhateng panembah lembu.

Perlu ugi katerangaken sawatawis bab anggènipun anjarwakaken wekasaning dhawuh ing ayat punika. Limrahipun tembung *kada* punika dipun anggé kanggé nedahaken "*mèhipun*" *pandamel* (Rgh), terangipun: *sawenèh pandamel sampun mèh badhé kelampahan utawi katindakaken*, mila ingkang asring kanggènipun tembung wau kanthi kagandhèng kaliyan tembung kriya sanèsipun; tembung كاد يفعل ateges *dhèwèké mèh baé nindakaké iku.* Awit saking punika ما كادوا يفعلون ateges *wong-wong mau mèh baé ora padha nindakaké iku.* Nanging tembung *Kâda* punika ugi nunggil teges kaliyan tembung kriya *arâda,* inggih punika *karep* utawi *kepéngin* (S-LL); dados كاد يفعل ateges *karep* utawi *niyat nindakaké iku* (Ls-LL); awit saking punika ayat wau kajarwakaken kados jarwan ing nginggil (inggih punika *ora sir nindakaké*), awit punika langkung celak suraosipun kaliyan dhawuh ingkang asli.

110. Dodongèngan ingkang limrah dipun cariyosaken déning para mufassirin kanggé nerangaken dhawuh punika, punika boten awawaton hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi utawi pangandikanipun para sahabat Nabi, malah ugi boten kasebut ing ing Bébel. Langkung-langkung pun dongèng wau piyambak, ngayawara tuwin cengkah kaliyan dhawuhing Quran Suci ingkang asli, jalaran ing ayat ngriki kapangandikakaken bilih ingkang kalepatan dosa mejahi tiyang punika *umat sadaya*, dados boten namung tiyang satunggal, kados déné dodongèngan ingkang nyariyosaken, bilih wonten satunggaling tiyang mejahi pamanipun sarta namanipun tiyang ingkang mejahi kawiyak sareng mayitipun pun paman saged gesang malih margi kasabet mawi daginging lembu ingkang kapragad; kawimbuhan malih dipun anggep bilih lembu wau lembu ingkang sampun kapangandikakaken ing ruku' ingkang sampun. Nanging yektinipun boten wonten satunggal punapa ingkang nedahaken bilih ruku' kakalih wau wonten sasambetanipun ingkang kados makaten wau. Katerangan sanèsipun nerangaken bilih lalampahan ingkang kasebutaken ing ayat punika lalampahanipun satunggaling tiyang Yahudi ingkang mejahi tiyang èstri Islam nalika jamanipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang kasebutaken ing Bukhori. Nanging anggènipun boten saged kadumuk kanthi gumathok lalampahan wau, punika sampun nedahaken bilih ingkang dipun karsakaken punika mesthi satunggaling lalampahan ingkang sampun misuwur wonten ing babad; sarta ing rèhning lalampahan ingkang gagayutan kaliyan wangkotipun bangsa Yahudi sadèrèngipun jaman sugengipun Kanjeng Nabi 'Isa punika mèh sadaya sampun kasebutaken, mila mèh kénging katamtokaken bilih ingkang dipun karsakaken, lalampahan punika lalampahanipun Kanjeng Nabi 'Isa piyambak, awit inggih ing babagan sédanipun Kanjeng Nabi 'Isa punika ingkang nukulaken pasulayaning pamanggih sarta inggih kathah kémawon titiyang ingkang semang-semang dhateng sédanipun. Panyuraos punika saya langkung kiyat manawi lalampahan

dalem prakara iku, lan Allah amedharaké barang kang padha sira singidaké.[111]

وَاللَّهُ مُخْرِجٌ مَّا كُنتُمْ تَكْتُمُونَ ﴿٧٢﴾

73 Tumuli Ingsun ngandika: *Iku padha sira sabeta kalawan sawenèhé iku*;[112] kaya mangkono iku Allah anggoné nguripaké wong

فَقُلْنَا اضْرِبُوهُ بِبَعْضِهَا ۚ كَذَٰلِكَ يُحْيِي اللَّهُ

---

ingkang kasebutaken ing ayat ngriki punika kacocogna kaliyan lalampahan saminipun ingkang kasebutaken ing surat 4: 153-157; ing ngriku sasampunipun nyebutaken satunggal-satunggal mèh sadaya lalampahan ingkang kawarsitakaken ing ngriki, ing tigang ruku' ingkang sampun kapengker Quran nglajengaken pandakwanipun dhateng titiyang Yahudi makaten: "Lan pangucapé: sayekti aku wus padha matèni Masih 'Isa anaké Maryam, utusaning Allah: lan ora padha matèni dhèwèké sarta ora padha menthèng dhèwèké, ananging (prakara) iku digawé bureng tumrap dhèwèké, lan sayekti para kang padha pasulayan ing dalem prakara iki, temen ana ing sajroning semang-semang marang prakara iku; ora padha duwé kawruh ing prakara iku, mung miturut panyana" (4: 157). Dados tétéla bilih lalampahan-lalampahan ingkang sampun katerangaken ing tigang ruku' ingkang sampun, punika dipun ambali kasebutaken malih ing 4: 153-155 kanthi cekak, lajeng kasebatan nyebutaken dosanipun para Yahudi dhateng Kanjeng Nabi 'Isa ing 4: 157. Pérangan ingkang kasebutaken wau matis kacundhukaken kaliyan ayat 72 lan 73, namung tumrap ing ngriki namanipun boten kasebutaken. Lah manawi kacundhukaken kados makaten wau, lajeng saged cetha bilih ingkang dipun karsakaken ing dhawuhing ayat ngriki (72-73) punika anggènipun para Yahudi saèmpèr nyédani Kanjeng Nabi 'Isa. Déné sababipun ngagem tembung *padha matèni* (Ar. *Qataltum*) punika makaten: sapisan jalaran para tiyang Yahudi sami ngaken bilih sami nyédani ing panjenenganipun; kaping kalih, jalaran tiyang ingkang katingalipun kados déné sampun pejah, punika sacara entar kénging katembungaken "pinejahan." Kadosta tembung "mayit" ingkang wonten ing ungel-ungelan ingkang sampun misuwur اذا مامات ميت (ingkang tegesipun wantah: *yèn mayit iku mati*) sajatosipun *boten ateges tiyang pejah, nanging tiyang ingkang badhé pejah.* Pangandikanipun Bagéndha 'Umar اقتلوا سعدا punika katerangaken déning LA ateges, *panjenenganipun kadamel kados déné tiyang ingkang dipun pejahi.* LA ugi ngéngingakaen nganggé tembung *qatl* wau kanggé nembungaken *pidana ingkang awrat* tumrap tukang minum lan durjana culi ingkang miturut pangandikanipun para juru-hukum ingkang rumiyin-rumiyin pantes angsal paukuman *qatl.*

111. Para titiyang Yahudi sumedya ngrampungi Kanjeng Nabi 'Isa, nanging Gusti Allah sampun masthi panjenenganipun boten séda.

112. Ukara اضربوه ببعضها punika radi sawatawis angèl, nanging manawi kacocogaken kaliyan 4: 157 saged langkung cetha tegesipun. Kados déné ingkang sampun katerangaken, tembung *dlarb* punika mengku teges warni-warni. Tembung *dlarb* gadhah teges *anggebag*, makaten ugi *nyanépakaken*, sarta tuladhanipun teges ingkang kaping kalih wau pinanggih ing dalem Quran piyambak, dhawuhipun كذلك يضرب الله الحق والباطل *Kaya mangkono anggoné Allah nyanépakaké yakti lan panggorohan* (13: 17). Tembung *ba'dlihâ* ingkang jawinipun *sawenèhé iku*, *dlamir ha*, inggih punika *dhèwèké wadon*, punika wangsul dhateng pandamel mejahi. Pandamel punika tumrap dhateng sariranipun Kanjeng Nabi 'Isa dèrèng sampurna, jalaran sasampunipun dipun andhapaken saking pamenthèngan, sampéyanipun dèrèng remuk, kados déné kawontenanipun pandung (kakalih ingkang kaukum penthèng sasarengan panjenenganipun). Awit saking punika, miturut tegesing tembung *dlarb* kados déné ingkang kula anggé punika, makaten: *Dhèwèké padha sira tamanana kalawan sawenèhing pati*, utawi: *kahanané dhèwèké iku padhakna karo wong kang mati sapérangan*; dados nunggil suraos kaliyan "prakara iku digawé bureng," kados déné ingkang kadhawuhaken ing 4: 157. Ing babadipun bangsa Yahudi boten wonten prakawis raja pejah sanèsipun, ingkang saged ugi ingkang kalepatan sagemblenging umat tuwin ingkang nocogi kaliyan katranganipun ayat kakalih punika, kajawi namung nalika para Yahudi ngangkah sédanipun Kanjeng Nabi 'Isa.

الْمَوْتَىٰ وَيُرِيكُمْ آيَاتِهِ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ﴿٧٣﴾

mati,[113] lan Panjenengané anedahaké tandhayekti-Né, darapon sira padha mangerti.

ثُمَّ قَسَتْ قُلُوبُكُمْ مِنْ بَعْدِ ذَٰلِكَ فَهِيَ
كَالْحِجَارَةِ أَوْ أَشَدُّ قَسْوَةً ۚ وَإِنَّ مِنَ الْحِجَارَةِ
لَمَا يَتَفَجَّرُ مِنْهُ الْأَنْهَارُ ۚ وَإِنَّ مِنْهَا لَمَا يَشَّقَّقُ
فَيَخْرُجُ مِنْهُ الْمَاءُ ۚ وَإِنَّ مِنْهَا لَمَا يَهْبِطُ مِنْ
خَشْيَةِ اللَّهِ ۗ وَمَا اللَّهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ﴿٧٤﴾

74 Tumuli padha atos atinira sawisé mangkono iku, mulané mèh kaya watu, utawa luwih atos manèh; lan sayekti, sawenèhing watu ana kang ngudalaké kali-kali (mili) saka ing kono, lan sayekti, sawenèhé ana kang sigar, banjur saka ing kono metu banyuné, lan sayekti, sawenèhé ana manèh kang lumungsur saking wediné maring Allah, sarta ora pisan Allah kok kasupèn ing sabarang kang padha sira lakoni.[114]

أَفَتَطْمَعُونَ أَنْ يُؤْمِنُوا لَكُمْ وَقَدْ كَانَ فَرِيقٌ
مِنْهُمْ يَسْمَعُونَ كَلَامَ اللَّهِ ثُمَّ يُحَرِّفُونَهُ مِنْ بَعْدِ
مَا عَقَلُوهُ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿٧٥﴾

75 Lah, apa ta sira adreng amrih dhèwèké padha angèstu ing sira, lan nyata wong-wong iku wis ana sapantha sing padha ngrungu sabdaning Allah, nuli padha ngowahi ing sawisé padha mangerti kang sarta dhèwèké padha weruh.[115]

وَإِذَا لَقُوا الَّذِينَ آمَنُوا قَالُوا آمَنَّا ۚ وَإِذَا خَلَا بَعْضُهُمْ

76 Sarta manawa padha katemu karo wong kang padha angèstu, acalathu: Aku iki padha angèstu, lan yèn wis padha dhèwèkan siji

113. Menggah ing sajatos-jatosipun punika pancèn prakawis anggesangaken tiyang pejah, awit Kanjeng Nabi ‘Isa punika katingalipun sampun séda. Tiyang ingkang pejah saèstu, boten saged wangsul gesang ing ngalam donya punika. Bab punika mirsanana katrangan angka 1659, 1731, tuwin 2165.

114. Manah ingkang atos kasanépakaken kados déné séla, lajeng dipun ngibarataken sami jugrug margi saking ajrihipun dhateng Allah, punika sajatosipun ingkang dipun karsakaken konjeming manah margi ajrih ing Allah.

115. Tegesipun ayat punika makaten: Para Muslimin nama anggadhahi pangajeng-ajeng ingkang muspra manawi sami mamrih para Yahudi sami purun angèstu dhateng Kanjeng Nabi, jalaran dalasan barang ingkang manut pangandelipun asli saking wahyuning Pangéran meksa dipun éwahi, murih laras kaliyan kabetahanipun; mila sakedhik sanget pangajeng-ajengipun para titiyang Yahudi wau sami purun mratobat purun nampèni wahyuning Pangéran ingkang énggal. Bab prakawis titiyang Yahudi boten sami rumeksa kasucianing kitab sucinipun, punika pancèn dados pandakwanipun Quran dhateng para Yahudi ingkang tansah kawarsitakaken marambah-rambah; titiyang Yahudi piyambak boten naté ambantah ing leresipun pandakwa wau, awit umpamia sami ambantah, yekti Quran inggih nyebutaken bukti-buktinipun titiyang Yahudi wau, kados déné ingkang tumrap prakawis sanès-sanèsipun. Menggah

lan sijiné padha calathu: Apa padha kokandhani barang kang wus kawedharaké déning Allah marang kowé, kang supaya dadi sarana madoni kowé ana ing ngarsaning Pangéranmu? Lah apa ta kowé padha ora ngerti?[116]

إِلَىٰ بَعْضٍ قَالُوٓا أَتُحَدِّثُونَهُم بِمَا فَتَحَ ٱللَّهُ عَلَيْكُمْ
لِيُحَآجُّوكُم بِهِۦ عِندَ رَبِّكُمْ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿٧٦﴾

77 Apa padha ora weruh, yèn sayekti Allah iku ngudanèni sabarang kang padha disingidaké lan sabarang kang diwedharaké.

أَوَلَا يَعْلَمُونَ أَنَّ ٱللَّهَ يَعْلَمُ مَا يُسِرُّونَ وَمَا يُعْلِنُونَ ﴿٧٧﴾

78 Sawenèhé, ana wongé kang ora sastra,[117] padha ora weruh kitabé, sing diweruhi mung *panggorohan*, lan ora liya kajaba mung padha ngira-ira.

Ut. *ujar ngayawara,* Ut. *pèpénginan kang muspra*

وَمِنْهُمْ أُمِّيُّونَ لَا يَعْلَمُونَ ٱلْكِتَٰبَ إِلَّآ أَمَانِيَّ
وَإِنْ هُمْ إِلَّا يَظُنُّونَ ﴿٧٨﴾

79 Mulané, sangsara tumrap para kang padha nulis kitab kalawan tangan-tangané, banjur padha calathu: Iki saka ngarsaning Allah; pamrihé padha kanggo *ngarah* reregan sapélé; mulané, sangsara olèh-olèhé, amarga saking tulisaning tangan-tangané, lan sangsara olèh-olèhé amarga saking pokalé.

Ut. *tuku*

فَوَيْلٌ لِّلَّذِينَ يَكْتُبُونَ ٱلْكِتَٰبَ بِأَيْدِيهِمْ ثُمَّ
يَقُولُونَ هَٰذَا مِنْ عِندِ ٱللَّهِ لِيَشْتَرُوا بِهِۦ ثَمَنًا
قَلِيلًا ۖ فَوَيْلٌ لَّهُم مِّمَّا كَتَبَتْ أَيْدِيهِمْ
وَوَيْلٌ لَّهُم مِّمَّا يَكْسِبُونَ ﴿٧٩﴾

---

ing sajatos-jatosipun éwah lan risakipun kitab warni-wrni ing Bébel, punika ing sapunika sampun kabuktèn kanthi cetha tanpa wonten semang-semangipun malih, kadosta panliti-priksa énggal mangké, angsal-angsalanipun plek kados ingkang kapangandikakaken déning Quran Suci 1300 taun kapengker.

116. Para Yahudi sami netah kancanipun nunggil agami anggènipun sami kirang wéwékan, ngantos rembagan punapa kaliyan titiyang Muslimin ing bab wontenipun piweca-piweca bab rawuhipun Kanjeng Nabi, cariyosipun kawedharipun piweca wau badhé migunani dhateng para Muslimin wonten ing ngarsanipun Pangéran. Ayat sambetipun nerangaken lepatipun bukti punika. Kasunyatan punika wonten ing ngarsanipun Gusti Allah tetep kasunyatan, sami ugi punapa kasunyatan wau kawedharaken punapa kasingidaken.

117. Tembung ingkang dipun jarwani *ora sastra*, punika *ummiyyun, jama'*-ipun tembung *ummi*, ingkang tegesipun *tiyang ingkang boten saged nyerat lan boten saged maos seratan* (Rgh). Awit saking punika, mila tembung wau tartamtu kanggé mastani bangsa Arab, awit bangsa Arab punika ingkang kathah-kathah sami boten saged maos lan boten saged nyerat, ingkang nyebal, boten kados makaten, langka sanget. Nanging ing ngriki, tembung wau dipun anggé tumrap titiyang Yahudi ingkang boten sastra, sarta ingkang makaten punika dados tandha yekti ingkang kiyat bilih tuwan Rodwell lan tuwan Lané lepat anggènipun anggegegi bilih tembung *ummi* punika ateges: sanèsipun-tiyang Yahudi. Rembagipun ingkang panjang, mirsanana angka 950.

80 Lan padha calathu: Geni ora bakal ngenani aku, kajaba mung sawatara dina.[118] Calathua: Apa kowé padha éntuk janji saka ngarsaning Allah, sing Allah iku ora bakal banjur nyulayani janji-Né; apa ta kowé iku padha muni-muni ing Allah barang kowé padha ora weruh?

وَقَالُوا لَن تَمَسَّنَا النَّارُ إِلَّا أَيَّامًا مَّعْدُودَةً ۚ قُلْ
أَتَّخَذْتُمْ عِندَ اللَّهِ عَهْدًا فَلَن يُخْلِفَ اللَّهُ
عَهْدَهُ ۖ أَمْ تَقُولُونَ عَلَى اللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٨٠﴾

81 O, sing sapa nglakoni ala sarta kaluputané anglimputi awaké, lah iki wong-wonging geni, padha ana ing kono olèhé manggon.[119]

بَلَىٰ مَن كَسَبَ سَيِّئَةً وَأَحَاطَتْ بِهِ خَطِيئَتُهُ
فَأُولَٰئِكَ أَصْحَابُ النَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿٨١﴾

82 Lan para sing padha angèstu lan padha nglakoni panggawé becik, iki wong-wonging taman, padha ana ing kono olèhé manggon.

وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ
الْجَنَّةِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿٨٢﴾

RUKU' 10

Prajanjianipun sarta anggènipun sami nyidrani

83, 84. Prajanjian kaliyan turun Israil kabundhelan. 85, 86. Turun Israil sami nyidrani, milanipun kaukum

---

118. Miturut tuwan Sale: "Ing kalanganipun bangsa Yahudi ing jaman sapunika wonten panganggep ingkang sampun umum dipun akeni, bilih boten wonten tiyang satunggal kémawon, nadyan awona di kados punapa, lan kagolong ing golongan punapa kémawon, ingkang lastantun wonten ing naraka langkung saking sawelas wulan, utawi dangu-dangunipun kalihwelas wulan, kajawi namung Dathan lan Abiram lan para titiyang ingkang boten mastuti ing wontenipun Allah; ngemungaken punika kémawon, ingkang sami badhé dipun siksa langgeng wonten ing naraka."

119. Ing ayat punika Quran Suci marsitakaken angger-angger bilih pandamel awon punika mesthi badhé nemahi woh awon. Tiyang ingkang sami wonten ing naraka, punika katerangaken ing ngriki: tiyang ingkang mamrih awon, utawi nglampahi awon, inggih punika tiyang ingkang manggung nindakaken awon, temahan ingkang pinanggih badanipun tansah kalimputan ing tindakipun ingkang awon wau. Piyambakipun punika sami tiyang ingkang dados bandhanganipun awon, awit saking punika wasananipun badanipun kapurba-wisésa ing awon, ingkang dalasan ing gesang sapunika punika ugi maujud latu ingkang murup, nanging badhé langkung wewèntèhan bénjing ing gesang sasampunipun pejah. Kaèngetana bilih tiyang ingkang merangi awon, sumedya nelukaken tumiyungipun dhateng awon, punika nadyan ngantos dangu anggènipun peperangan, piyambakipun punika boten nama tiyang ingkang mamrih awon. Jalaran manawi temen-temen anggènipun merangi, tur kanthi gething sarta emoh dhateng awon, punapa déné mamrih nelukaken awon wau, wekasanipun mesthi menang, wawatekanipun manusa ingkang saé tuwin luhur unggul yudanipun. Ingkang makaten wau kacethakaken déning Quran kalayan anggènipun ngagem tembung *mamrih ala*, utawi *nglakoni ala.*

83 Lan nalikané Ingsun mundhut prajanjiné para turun Isra'il:[120] Sira aja padha ngabdi kajaba ing Allah[121] lan di becik marang wong tuwa(-nira) loro,[122] lan sanak-sadulur sarta para bocah yatim tuwin para wong miskin[123] lan padha di becik pangucapira marang manusa[124] sarta padha anjumenengna salat tuwin padha ambayara zakat.[125] Banjur sira padha ambalik, kajaba ana sathithik (sing ora), apa déné (dalasan saiki) sira padha maléngos.

وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَاقَ بَنِيٓ إِسْرَآءِيلَ لَا تَعْبُدُونَ
إِلَّا ٱللَّهَ وَبِٱلْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَذِى ٱلْقُرْبَىٰ وَ
ٱلْيَتَٰمَىٰ وَٱلْمَسَٰكِينِ وَقُولُوا۟ لِلنَّاسِ حُسْنًا وَ
أَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ ثُمَّ تَوَلَّيْتُمْ إِلَّا
قَلِيلًا مِّنكُمْ وَأَنتُم مُّعْرِضُونَ ﴿٨٣﴾

84 Lan nalikané Ingsun mundhut prajanjinira: Aja sira padha angutahaké getihira lan aja sira padha nundhung wong-wongira saka ing panggonanira: banjur sira padha sanggem kang sarta sira padha neksèni.[126]

وَإِذْ أَخَذْنَا مِيثَاقَكُمْ لَا تَسْفِكُونَ دِمَآءَكُمْ
وَلَا تُخْرِجُونَ أَنفُسَكُم مِّن دِيَارِكُمْ ثُمَّ أَقْرَرْتُمْ
وَأَنتُمْ تَشْهَدُونَ ﴿٨٤﴾

120. Gusti Allah mundhut prajanjinipun umat, punika tegesipun Panjenenganipun paring dhawuh dhateng para titiyang wau. Mirsanana Pangandharing Torèt 4: 13 "Prasetyané kang dilahiraké marang kowé, kowé padha kinarsakaké angèstokaké."

121. Mirsanana Pangentasan 20: 3 "Sira aja anduwèni Allah liyané ana ing ngarsa-Ningsun," tuwin 23: 25 "Padha ngabektia marang Yéhuwah Allahira," sarta ing panggènan sanès-sanèsipun malih.

122. Mirsanana Pangentasan 20: 12 tuwin Pangandharing Torèt 5: 16 "Sira angajènana bapa biyungira."

123. Mirsanana Pangandharing Torèt 15: 11 "Awèwèha kang blaba marang sadulurmu, lan marang wong kang kacingkrangan tuwin wong miskin ana ing tanahmu."

124. Wicanten saé punika tegesipun garap ingkang saé.

125. Mirsanana Pangandharing Torèt 14: 28, 29. "Saben pundhaté telung taun kowé angladèkna sakèhé zakaté pametumu sajroning taun iku, banjur tandhonen ana ing jero nagaramu. Nuli wong Léwi kang ora mélu duwé panduman utawa pusaka karo kowé, apa manèh wong bangsa liyan lan bocah lola tuwin wong randha kang ana ing jero sakèthèngmu, iku padha mangana kongsi wareg, supaya Yéhuwah Allahmu ambarkahana apa sapagawéané tanganmu kang kotandangi.

126. "Sira aja mamatèni" (Pangentasan 20: 13). "Sira aja mélik omahé papadhanira, sira aja mélik bojoné papadhanira, utawa baturé lanang lan wadon, sapiné utawa kuldiné, lan sadhéngah apa kang dadi duwéké papadhanira" (Pangentasan 20: 17). Nanging ingkang cepak ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika bab prajanjian wigatos ingkang isi kawajiban-kawajiban ingkang kaserat, ingkang kadamel déning Kanjeng Nabi lan para titiyang Yahudi, nalika panjenenganipun dudunung ing nagari Madinah. Miturut prajanjian punika titiyang Muslimin lan titiyang Yahudi sami aprajanji manawi boten badhé peperangan, sarta aprajanji badhé bantu-binantu manawi kaserang ing mengsahipun. Sajatosipun prajanjian punika gadhah tuju badhé damel pirukun ing antawisipun para titiyang ingkang sami dudunung ing Madinah ingkang tansah pasulayan punika. Cobi, kula pethikaken ungeling prajanjian sawatawis bab, supados para maos saged nguningani ruhipun prajanjian wau. "Sintena kémawon ingkang ambaléla, utawi nedya nanem memengsahan lan uru-uru, tanganipun sadhéngah tiyang badhé lumawan dhateng piyambakipun, nadyan piyambakipun wau anakipun pisan .... Sintena kémawon

85 Éwadéné sira iku wong kang padha nundhung wongira sagolongan saka ing panggonané, bantu-binantu mitunani dhèwèké kalawan panggawé dosa tuwin lacut; lan manawa dhèwèké padha teka ing sira dadi tawanan, padha sira tebusi, – kang mangka nundhung wong-wong mau barang larangan tumrapé sira.[127] Lah apa ta sira iku padha angèstu sapéranganing kitab sarta angemohi sapérangan (liyané)? Mulané, sira

ثُمَّ أَنْتُمْ هٰٓؤُلَآءِ تَقْتُلُوْنَ أَنْفُسَكُمْ وَتُخْرِجُوْنَ
فَرِيْقًا مِّنْكُمْ مِّنْ دِيَارِهِمْ تَظٰهَرُوْنَ عَلَيْهِمْ
بِالْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ ۗ وَإِنْ يَّأْتُوْكُمْ أُسٰرٰى
تُفٰدُوْهُمْ وَهُوَ مُحَرَّمٌ عَلَيْكُمْ إِخْرَاجُهُمْ ۗ
أَفَتُؤْمِنُوْنَ بِبَعْضِ الْكِتٰبِ وَتَكْفُرُوْنَ بِبَعْضٍ ۚ

saking éwonipun titiyang Yahudi manut ing kula sadaya, badhé angsal pitulung lan babantu; piyambakipun boten sami badhé dipun munasika, sarta mengsahipun boten badhé dipun biyantu lumawan piyambakipun …… Para golongan Yahudi ingkang sakuthon kaliyan pancer warni-warni ing Madinah punika, umat satunggal kaliyan para mukmin …. Titiyang Yahudi nganggé agaminipun piyambak, titiyang Muslimin inggih nganggé agaminipun piyambak. Titiyang ingkang manut dhateng titiyang Yahudi, inggih kados titiyang Yahudi wau. Sok tiyanga boten kénging pisan-pisan umangsah perang kajawi manawi sampun dipun idini déning Nabi Muhammad, nanging punika boten dados alangan tumrap sintena kémawon ingkang badhé andhawahaken wawales ingkang absah. Titiyang Yahudi tanggel dhateng waragad-waragad ingkang kawedalaken, titiyang Muslimin inggih makaten ugi; nanging manawi ingkang satunggal dipun tempuh, satunggalipun kedah mitulungi: Tumrap ingkang tumut dhateng prajanjian punika, nagari Madinah punika suci tuwin boten kénging dipun sawiyah. Pasulayan sarta padudon kedah kasuwunaken pancasanipun Pangéran tuwin Utusan-Ipun. Sintena kémawon boten kénging sekuthon kaliyan tiyang ing Makkah utawi sarayanipun, awit sajatosipun golongan ingkang sami prajanjian punika kaiket dados satunggal wajib nanggulang sok tiyanga ingkang ngancam nagari Madinah. Perang lan bedamén punika kedah kadamel sasarengan" (IHsh-Muir).

127. Dipun riwayataken bilih wonten pancer Yahudi kakalih, *Quraidzah* lan *Nadlir*, sami tatanggèn wonten ing nagari Madinah. Satunggal-tunggalipun pancer kakalih wau sekuthon kaliyan titiyang *Aus* lan *Khazraj*, inggih punika pancer ing Madinah ingkang memengsahan satunggal kaliyan satunggalipun. Sareng pancer kakalih wau (Aus lan Khazraj) sami peperangan, srayanipun (titiyang Quraidzah lan Nadlir) inggih lajeng tumut peperangan. Dados pancer Yahudi kakalih wau satunggal lan satunggalipun pejah pinejahan tuwin tawan-tinawan punapa déné risak-rinisak papan padununganipun. Nanging sasampunipun makaten sami lajeng nglempakaken arta kanggé mardikakaken tiyang tawanan Yahudi, panganggepipun jalaran angger-anggering agaminipun andhawuhaken mardikakaken tiyang tiyang tawanan, déné anggènipun sami peperangan kaliyan kancanipun nunggil agami wau, punika margi kanggé ambélani kahurmataning srayanipun. Ingkang dipun karsakaken ing dhawuhing ayat ngriki punika inggih lekasipun para Yahudi ingkang cecengkahan wau (RzT). Tuwan Sale nganggep Aus lan Khazraj punika sami pancer Yahudi, nanging nalika klèntu, sarta inggih awit saking klèntunipun panganggep wau mila anggènipun anjarwani tembung *ahlâf* ateges *pangageng*, kang mangka tegesipun *sekuthon* utawi *saraya*. Manawi dipun suraos bilih ingkang dipun karsakaken ing ayat ingkang sampun wau prajanjian ingkang dipun damel déning Kanjeng Nabi kaliyan titiyang Yahudi, mejahi lan nundhung sagolonganing tiyang saking padununganipun, punika dumunung dados piweca badhé kados pundi sikepipun golongan Yahudi dhateng para Muslimin ing pawingkingipun, inggih punika nalika para Yahudi wau sami anggolong dhateng mengsah-mengsahipun para Muslimin; déné siksa utawi asor ingkang kaancamaken dhateng para Yahudi wonten ing wekasaning ayat wau, kasaksèn saèstu déning sadaya pancer Yahudi titiga ing Madinah, pancer Qainuqa', Nadlir tuwin Quraidzah, sabab saking anggènipun sami nerak prajanjian.

kang nindakaké mangkono iku, ora liya wawalesé, kajaba asor ing dalem kauripan donya sarta ing dina kiyamat bakal padha digiring marang siksa kang keras. Ora pisan-pisan Allah kasupèn marang apa kang padha sira lakoni.

فَمَا جَزَآءُ مَنْ يَّفْعَلُ ذٰلِكَ مِنْكُمْ اِلَّا خِزْيٌ
فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۚ وَيَوْمَ الْقِيٰمَةِ يُرَدُّوْنَ اِلٰٓى
اَشَدِّ الْعَذَابِ ؕ وَمَا اللّٰهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُوْنَ ﴿۸۵﴾

86 Yaiki wong kang padha nguyang kauripan donya kalawan akhirat: mulané bakal padha ora dièngthèngaké siksané sarta bakal padha ora tinulungan.

اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ اشْتَرَوُا الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا بِالْاٰخِرَةِ ۫
فَلَا يُخَفَّفُ عَنْهُمُ الْعَذَابُ وَلَا هُمْ يُنْصَرُوْنَ ﴿۸۶﴾

RUKU' 11

Sami ngemohi Kanjeng Nabi.

87, 88. Kumalungkungipun dhateng para Nabinipun. 89-91. Sami ngemohi Kanjeng Nabi, amargi panjenenganipun sanès turun Israil. 92, 93. Dalasan dhateng Kanjeng Nabi Musa piyambak kalakuanipun inggih kumalungkung. 94-96. Titikan ingkang kanggé netepaken nyata utawi doranipun pangakenipun Kanjeng Nabi.

87 Lan sayekti temen Ingsun wus aparing kitab marang Musa sarta ing sapungkuré Ingsun tungka kalawan para utusan agenti-genti; lan Ingsun wus aparing tandha yakti marang 'Isa anak lanangé Maryam, apa déné Ingsun santosakaké kalawan *wedharing sabda* suci.[128] Lah yagéné déné

Ut. *ruh*

وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ وَقَفَّيْنَا مِنْۢ بَعْدِهٖ
بِالرُّسُلِ ۫ وَاٰتَيْنَا عِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ الْبَيِّنٰتِ وَ
اَيَّدْنٰهُ بِرُوْحِ الْقُدُسِ ؕ اَفَكُلَّمَا جَآءَكُمْ رَسُوْلٌۢ

128. Tuwan Sale leres sanget anggènipun nglepataken panganggep ingkang nyamèkaken Roh Suci ing serat-serat agami Nasrani kaliyan *Ruhu-l-Qudus* ing dalem Quran Suci. Tembung *ruh* punika kajawi ateges *nyawa* utawi *jiwa*, ugi ateges *ilham* utawi *wahyuning Pangéran* (Zj, Q, LL) sarta ateges *wilasa.* Mirsanana katrangan 653. Mila *ruhu-l-qudus* punika kénging dipun tegesi *jiwa suci (roh suci)* utawi *wahyu suci*, sarta teges warni kalih punika sami déné dipun anggé déning para mufassirin (Rz). *Ruhu-l-qudus* ingkang ateges *roh suci* punika limrahipun ingkang dipun kajengaken Malaikat Jibril; déné sababipun awit Malaikat Jibril punika malaikat ingkang andhatengaken ayahaning Pangéran dhateng kawula-Nipun, inggih punika ayahan ingkang dados tuking gesang tumrapipun para manusa, boten prabéda lan jiwa anggesangi badanipun wadhag para manusa. Déné *ruhu-l-qudus* ingkang ateges *wahyu suci*, punika ingkang dipun kajengaken *Kitab Injil*, jalaran kitab Injil punika saged nyukani gesang ruhani dhateng para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi 'Isa (Rz). Teges ingkang kasebut kantun wau dipun kiyataken déning Quran piyambak, jalaran ing 16: 2 lan 40: 15 wahyuning Pangéran punika kanthi cetha kasebut *ruh*; ing ngriku kapangandikakaken bilih Allah anurunaken malaikat kalayan ngampil *ruh* (tembung *ruh* ing ngriki saged-sagedipun namung dipun tegesi *wahyu*); ing 42: 52 Quran piyambak kasebut *ruh*, makaten dhawuhipun: "Lan iya kaya mangkéné iki anggon-Ingsun amedharaké Kitab-winahyu marang sira saka paréntah-Ingsun," ingkang wonten ing dhawuhipun ingkang asli

saben-saben ana utusan tumeka marang sira angemban barang kang ora dadi kapénginé atinira sira padha gumedhé: ana sagolongan sing banjur sira gorohaké lan sagolongan manèh padha sira patèni.[129]

بِمَا لَا تَهْوَىٰٓ أَنفُسُكُمُ ٱسْتَكْبَرْتُمْ فَفَرِيقًا كَذَّبْتُمْ وَفَرِيقًا تَقْتُلُونَ ﴿٨٧﴾

88 Lan padha calathu: Manah
Ut. *gudhang* kula punika *katutupan*.[130] O, Allah
ambendoni[131] dhèwèké amarga
saka anggoné padha kafir; dadi
sathithik sing dhèwèké padha
angèstu.

وَقَالُوا۟ قُلُوبُنَا غُلْفٌۢ ۚ بَل لَّعَنَهُمُ ٱللَّهُ بِكُفْرِهِمْ فَقَلِيلًا مَّا يُؤْمِنُونَ ﴿٨٨﴾

89 Lan bareng ana Kitab saka
ngarsaning Allah tumeka marang
dhèwèké, dumunung ambeneraké
a. 70 cecekelané[a] – kang sarta ing
sadurung-durungé gawéné padha
Ut. *putusan* nyuwun *kamenangan* ngalahaké
kang padha kafir – nanging bareng

وَلَمَّا جَآءَهُمْ كِتَٰبٌ مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ مُصَدِّقٌ لِّمَا مَعَهُمْ وَكَانُوا۟ مِن قَبْلُ يَسْتَفْتِحُونَ عَلَى

nganggé tembung *ruh*, boten tembung: *kitab kang winahyokaké.* Roh suci punika boten namung tartamtu dados pangiringipun Kanjeng Nabi ‘Isa kémawon, awit miturut 58: 22 sadaya pandhèrèkipun Kanjeng Nabi ingkang susetya punika sami dipun santosakaken kalayan rohing Pangéran, ingkang sami kémawon kaliyan ruh suci. Nalika ngandika dhateng Hassan bin Tsabit, satunggaling sahabat jurunganggit kidung, dipun riwayataken Kanjeng Nabi ngandika makaten: “Lan roh suci nyartani ing kowé.”

129. Mentas nganggé *fi’il madli* lajeng nganggé *fi’il mudlari*’, punika ngisarahi dhateng wontenipun upaya badhé nyédani Kanjeng Nabi nalika samanten. Rz nerangaken makaten: “Jalaran kalayan sawarnaning upaya sira padha karep arep matèni marang Muhammad, ajaa dhèwèké iku Ingsun ayomi saka sira.”

130. *Ghulf* punika *jama’*-ipun tembung *aghlâf*, ingkang ateges *kalimputan ing tutup* (LL). Dados manawi katumrapaken dhateng manah, tegesipun: *katutupan ngantos boten purun mirengaken lan nampèni punapa ingkang kadhawuhaken déning Kanjeng Nabi.* Ananging *ghulf* punika ugi salah satunggaling *jama’*-ipun tembung *ghilâf*, ingkang ateges *tutup wadhah, gudhang,* sarta manawi kasuraos mawi teges punika lajeng mengku maksud, bilih manahipun punika *gudhang kawruh*, dados rèhning piyambakipun piyambak punika gudhang, mila lajeng samun boten perlu tampi punapa-punapa saking tiyang sanès.

131. *Ngla’nati* utawi *ambendoni* ingkang mengku ngesotaken supados ingkang dipun sotaken kataman ing awon, punika boten sami trep kaliyan tembung *la’nat*, awit tembung *la’nat* punika ateges: *nebihaken satunggaling tiyang saking kasaénan*(LA); tembung wau dipun lastantunaken dipun anggé, jalaran saking dèrèng manggih tembung saminipun ing basa Jawi. Déné suraosipun ayat wau makaten: para titiyang Israil sami ngaken manawi manahipun punika gudhang kawruh, labet saking anggènipun sami dados tedhak-turunipun para nabi sarta inggih margi saking rumaos manahipun sampun kebak kawruh wau, mila lajeng sami rumaos sampun boten ambetahaken kawruh malih. Para titiyang wau sami dipun pangandikani, bilih menggah ing sajatos-jatosipun anggènipun sami kafir punika lo, ingkang murugaken piyambakipun tebih saking kasaénan ingkang kabekta déning Kanjeng Nabi Suci.

sing wis padha diweruhi wis teka ing dhèwèké, dikafiri; mulané benduning Allah tumiba marang para wong kafir.[132]

الَّذِيْنَ كَفَرُوْا ۚ فَلَمَّا جَآءَهُمْ مَّا عَرَفُوْا كَفَرُوْا
بِهٖ ۫ فَلَعْنَةُ اللّٰهِ عَلَى الْكٰفِرِيْنَ ﴿٨٩﴾

90 Ala barang papayoné olèhé padha ngedol jiwané – déné padha ngafiri barang kang diturunaké
Ut. *mirong* déning Allah, *saking kumropok*, déné Allah anurunaké wilasa-Né marang kawula-Né kang dadi kapareng-É; mulané wis mungguh olèh bebendu matumpa-tumpa, lan bagéané para kafir iku siksa kang ina.

بِئْسَمَا اشْتَرَوْا بِهٖۤ اَنْفُسَهُمْ اَنْ يَّكْفُرُوْا بِمَآ اَنْزَلَ
اللّٰهُ بَغْيًا اَنْ يُّنَزِّلَ اللّٰهُ مِنْ فَضْلِهٖ عَلٰى مَنْ
يَّشَآءُ مِنْ عِبَادِهٖ ۚ فَبَآءُوْ بِغَضَبٍ عَلٰى غَضَبٍ ؕ
وَلِلْكٰفِرِيْنَ عَذَابٌ مُّهِيْنٌ ﴿٩٠﴾

91 Lan nalikané dicalathoni: Padha angèstua ing barang kang katurunaké déning Allah, padha calathu: Aku padha angèstu marang apa kang katurunaké marang aku;[133] lan padha ngafiri saliyané iku, ing mangka iku barang yakti, dumunung ambenerakė marang

وَاِذَا قِيْلَ لَهُمْ اٰمِنُوْا بِمَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ قَالُوْا
نُؤْمِنُ بِمَآ اُنْزِلَ عَلَيْنَا وَيَكْفُرُوْنَ بِمَا وَرَآءَهٗ ۗ
وَهُوَ الْحَقُّ مُصَدِّقًا لِّمَا مَعَهُمْ ؕ قُلْ فَلِمَ تَقْتُلُوْنَ

---

132. Para titiyang Yahudi sami gadhah pangajeng-ajeng manawi nabi ingkang kasebutaken ing Pangandharing Torèt 18: 18 rawuh, panjenenganipun mesthi adamel menangipun bangsa Yahudi kaliyan mengsah-mengsahipun ingkang sami kafir. “Ana déné manawa kowé anggatèkaké pamanutmu marang dhawuhé Yéhuwah Allahmu, sarta amerlokaké nglakoni sakèhé papakoné kang dak paréntahaké marang kowé ing samengko, amesthi Yéhuwah Allahmu maringi pangkat kang luhur marang kowé, angungkuli sarupané para bangsa ing salumahé bumi. Manawa kowé angèstokaké sadhawuhé Yéhuwah Allahmu, mesthi katekan lan karoban sakèhé barkah mangkéné iki” (Pangandharing Torèt 28: 1-2). Manawi punika kacundhukakaken kaliyan Pangandharing Torèt 18: 15-19, tegesipun “ngèstokaké” punika lajeng terang. Bab prakawis bangsa Yahudi taksih tetep sami ngajeng-ngajeng rawuhipun nabi wau, punika mirsanana Yokhanan 1: 25, “Manawi sampéyan dédé Kristus, dédé Élia, dédé Kanjeng Nabi, sabab punapa sampéyan teka mawi ambabtisi tiyang?” *Kanjeng Nabi*, punika miturut Yokhanan 1: 23, ingkang dipun kajengaken nabi ingkang kajanjèkaken ing Pangandharing Torèt 18: 15 lan 18. Punika anedahaken kanthi cetha, bilih ingkang dipun entos-entosi déning titiyang Yahudi punika rawuhipun nabi titiga ingkang béda-béda. Serat Lalampahanipun para Rasul 3: 21-23 ugi nedahaken bilih nabi ingkang kasebut ing Pangandharing Torèt 18: 18 punika ing sasampunipun Kanjeng Nabi ‘Isa séda taksih dipun ajeng-ajeng rawuhipun.

133. Wicantenipun titiyang Yahudi bilih namung sami angèstu dhateng wahyu ingkang sampun katurunaken dhateng piyambakipun, punika kajengipun para titiyang wau anggegegi bilih boten badhé nganggep wahyu ingkang katurunaken dhateng sanèsipun tiyang Israil. Wangsulanipun kaparingaken wonten ing dhawuh ingkang mangandikakaken, bilih wahyu ingkang katurunaken dhateng Kanjeng Nabi Suci Muhammad punika kasunyatan ingkang ngleresaken barang ingkang sampun kamot wonten ing dalem kitabipun para Yahudi wau piyambak, déné ingkang dipun karsakaken inggih punika piweca-piweca badhé rawuhipun Kanjeng Nabi ingkang kasebut ing Pangandharing Torèt 18: 15-18 tuwin ing panggènan sanèsipun malih.

a. 70
Ut. *sapungkuré.*

cecekelané.[a] Sira calathua: Lah yagéné déné *sadurungé* iki kowé padha nyédani para nabining Allah, yèn ta temen kowé iku wong kang padha angèstu?[134]

أَنۢبِيَآءَ ٱللَّهِ مِن قَبۡلُ إِن كُنتُم مُّؤۡمِنِينَ ﴿٩١﴾

Ut. *sapungkuré.*
b. 84

92 Lan sayekti temen Musa wus teka marang sira akanthi tandha-tandha yekti, tumuli bareng *dhèwèké pinuju ora ana* sira padha angalap (sesembahan) sapi,[b] lan sira iku padha atindak dudu.

وَلَقَدۡ جَآءَكُم مُّوسَىٰ بِٱلۡبَيِّنَٰتِ ثُمَّ ٱتَّخَذۡتُمُ ٱلۡعِجۡلَ مِنۢ بَعۡدِهِۦ وَأَنتُمۡ ظَٰلِمُونَ ﴿٩٢﴾

c. 105

93 Lan nalikané Ingsun mundhut prajanjinira sarta Ingsun andhuwuraké gunungé angungkuli sira:[c] Padha nyanggemana apa kang wus Ingsun paringaké ing sira, kalawan santosa, sarta di padha ambangun turut.[135] Padha munjuk: Kawula sami mireng, sarta kawula sami mopo.[136] Ing dalem atiné padha ngombé (katresnan marang) sapi, amarga saka kafiré.[137] Sira dha-

وَإِذۡ أَخَذۡنَا مِيثَٰقَكُمۡ وَرَفَعۡنَا فَوۡقَكُمُ ٱلطُّورَ خُذُواْ مَآ ءَاتَيۡنَٰكُم بِقُوَّةٖ وَٱسۡمَعُواْۖ قَالُواْ سَمِعۡنَا وَعَصَيۡنَا وَأُشۡرِبُواْ فِي قُلُوبِهِمُ ٱلۡعِجۡلَ بِكُفۡرِهِمۡۚ

134. Para titiyang wau sami kawelèhaken kalepatanipun saking wicantenipun piyambak. Pambantahipun para titiyang wau, piyambakipun namung badhé angèstu dhateng wahyu ingkang kaparingaken dhateng nabi Bani Israil. Éwadéné para titiyang wau sami nyédani nabi-nabi Bani Israil.

135. Tembungipun ingkang asli: *isma'u* tegesipun ingkang sakawit *padha ngrungokna*, nanging ugi kénging dipun tegesi *padha ambangun turuta* (AH), inggih punika teges ingkang kagem déning Quran piyambak ing 36: 25, ing ngriku tembung فاسمعون dipun suraos ateges: "mulané padha manut mituruta ing aku" (TA). Tembung wau ugi ateges *nampèni* kados déné ing dalem tetembungan: سمع الله لمن حمده (LL). Suraosing tembung kados déné ingkang kagem ing ngriki punika kacethakakaken malih wonten ing dhawuh ingkang nunggil suraos ing ayat 63 "Lan nalikané Ingsun mundhut prajanjinira sarta Ingsun andhuwuraké gunungé angungkuli sira: Padha cekelana kalawan santosa apa kang wis Ingsun paringaké marang sira sarta padha élinga apa kang ana ing jeroné." Déné ing dhawuh ngriki (ayat 93) ngagem tembung *isma'u* sanès tembung *wadzkuru (padha élinga)*, awit saking punika ateges *padha ambangun-turuta* utawi *padha nampanana.*

136. Para titiyang wau boten kok sami ngucapaken tetembungan punika kalayan lésanipun, wangsul punika namung nerangaken kawontenanipun kémawon, jalaran tembung *qaul* punika inggih dipun anggé kanggé nerangaken *samukawis ingkang saged nerangaken kawontenanipun satunggaling barang, sanajan boten mawi ngucapaken tetembungan* قالت العينان ateges *mripaté loro nuduhaké* (boten wicanten) (TA). Kf nerangaken tembung wau ateges: *Kawula sami mirengaken ing dhawuh pangandika sarta kawula sami boten manut miturut ing dhawuh.*

137. Dodongèngan ingkang nyariyosaken bilih titiyang Israil dipun ombèni saèstu toya ingkang kacampuran kaliyan awuning pedhèt, punika boten adhadhasar dhawuh punika, jalaran ayat punika

wuha: Ala barang paréntahing piyandelira marang sira, yèn ta sira iku padha wong kang angèstu.

قُلْ بِئْسَمَا يَأْمُرُكُمْ بِهِ إِيمَانُكُمْ إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ ﴿٩٣﴾

94 Calathua: Yèn ta panggonan akhirat ing ngarsaning Allah iku mligi padha bagéanmu, anjabakaké wong (liyané), lah ta mara padha angajapa pati, yén ta kowé iku padha temen.[138]

قُلْ إِنْ كَانَتْ لَكُمُ الدَّارُ الْآخِرَةُ عِنْدَ اللَّهِ خَالِصَةً مِنْ دُونِ النَّاسِ فَتَمَنَّوُا الْمَوْتَ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ﴿٩٤﴾

95 Lan ora pisan bakal padha angajapa mangkono, salawasé, amarga saka panggawéning tangané kang dhisik-dhisik, lan Allah iku ngudanèni wong-wong kang atindak dudu.

وَلَنْ يَتَمَنَّوْهُ أَبَدًا بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِالظَّالِمِينَ ﴿٩٥﴾

96 Lan sayekti, sira katemu dhèwèké iku wong kang luwih abanget brangtané marang urip, malah luwih saka wong kang manembah pangéran akèh; sawenèhé ana kang kepéngin sinungana umur sèwu taun, lan yèn ta

وَلَتَجِدَنَّهُمْ أَحْرَصَ النَّاسِ عَلَىٰ حَيَاةٍ ۚ وَمِنَ الَّذِينَ أَشْرَكُوا ۚ يَوَدُّ أَحَدُهُمْ لَوْ يُعَمَّرُ

---

namung mengku teges bilih para titiyang wau sami *necep katresnan dhateng pedhèt* utawi *panembah lembu*. Bab prakawis Quran Suci babar pisan boten ngiyataken dodongèngan wau, punika sampun kapratélakakaken wonten ing 20: 97, jalaran ing ngriku kasebutaken kanthi cetha bilih awunipun lembu punika sampun kasebar asrana kacemplungaken ing saganten. Tembung *qulûb*, dipun agem wonten ing ukara: *usyribu fî qulûbihim*, punika mahanani tembung *usyribu* boten saged dipun suraos kanthi walaka. Ananging manawi miturut Pangentasan 32: 20 tuwin Pangandharing Torèt 9: 21, titiyang Israil dipun ombèni saèstu kaliyan toya ingkang dipun wur-wuri awuning lembu.

138. Miturut I'AB, فَتَمَنَّوُا الْمَوْتَ punika ateges *andongakaken pejah sinten ingkang goroh* utawi *palsu kateranganipun* (IJ). Panantang ingkang sami lèrègipun nanging kadhawuhaken kalayan dhawuh ingkang langkung panjang kasebut ing 3: 60 makaten: "Ananging, sapa sing madoni sira ing dalem prakara iki, ing sawisé ana kawruh kang tumeka marang sira, banjur calathonana: Ayo mréné, padha angundang anak-anakku lan anak-anakmu, sarta wadon-wadonku lan wadon-wadonmu, tuwin wong-wongku lan wong-wongmu, tumuli ayo padha nyunyuwun sing temenan, dimèn bebenduning Allah tumiba marang sing padha goroh." Panantang wau kacundhukakaken dhateng titiyang Nasrani; panantang ingkang kados makaten punika ugi, kalayan cekak kacundhukakaken dhateng para titiyang Yahudi wonten ing ayat ngriki. Utawi saged ugi suraosipun ayat punika makaten: Para titiyang Yahudi sami kadhawuhan andodonga supados Kanjeng Nabi séda, jalaran andongakaken tukang ngaken-aken aliyas tukang dora-cara — awit para titiyang wau sami gadhah panganggep bilih Kanjeng Nabi punika tukang ngaken-aken — punika mesthi tinarimah. Panyuraos ingkang kantun wau cocog kaliyan panyuraosipun Ma'alim; panjenenganipun negesi *al-maut* ing ayat punika *patiku*, ingkang dipun karsakaken: Kanjeng Nabi.

kasinungana umur dawa, iku iya meksa ora pisan bisa suminggah saka ing siksa. Lan Allah iku uninga ing sabarang panggawé-né.[139]

أَلْفَ سَنَةٍ ۚ وَمَا هُوَ بِمُزَحْزِحِهِ مِنَ الْعَذَابِ أَنْ يُعَمَّرَ ۗ وَاللَّهُ بَصِيرٌ بِمَا يَعْمَلُونَ ﴿٩٦﴾

RUKU' 12

Anggènipun mengsahi Kanjeng Nabi

97, 98. Panggethingipun dhateng Jibril. 99-101. Panerakipun. 102, 103. Kajuliganipun anandukaken palacidra sinandi dhateng Kanjeng Nabi, mawi awad-awad sèsèndhéan para nabi lan malaikat, punika badhé andadosaken karisakanipun piyambak.

97 Calathua: Sing sapa mungsuh ing Jibril[140] – lah sayektiné iki kang nurunaké iku marang atinira kalawan idining Allah,[141] minangka ambeneraké ing barang cecekelané sarta tuntunan tuwin pawarta becik marang para kang angèstu –

قُلْ مَنْ كَانَ عَدُوًّا لِجِبْرِيلَ فَإِنَّهُ نَزَّلَهُ عَلَىٰ قَلْبِكَ بِإِذْنِ اللَّهِ مُصَدِّقًا لِمَا بَيْنَ يَدَيْهِ وَهُدًى وَبُشْرَىٰ لِلْمُؤْمِنِينَ ﴿٩٧﴾

98 Sing sapa mungsuh ing Allah lan para malaikat-É sarta para utusan-É tuwin Jibril lan Mikail,

مَنْ كَانَ عَدُوًّا لِلَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَرُسُلِهِ وَ

139. Tiyang musyrik (tiyang ingkang manembah Pangéran kathah) ing ngriki, bokmanawi ingkang dipun karsakaken tiyang ingkang nganggé agami Zarathustra (tiyang Majusi). Para titiyang Majusi punika manawi andongakaken satunggaling tiyang kaparingan nugraha, dipun dongakaken supados saged gesang sèwu taun. Utawi inggih saged ugi ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika para titiyang Nasrani, margi para Nasrani punika ugi gogondhèlan pangandel kamusyrikan, inggih punika mangéran ing tiyang. Déné bab kepénginipun gesang sèwu taun lan kaleksananipun, kados ingkang katerangaken ing ayat ngriki, kula aturi mirsani katrangan angka 1602. Dados manawi makaten punika mengku teges gesangipun umat wonten ing dalem kawontenan subur makmur, sanès gesangipun tiyang satunggal-satunggal.

140. Malaikat Mikail punika dipun anggep mitra déning titiyang Yahudi, "panggedhé kang linuhur, kang ambaureksa marang turuné bangsanira" (Daniél 12: 1). Dhateng malaikat Jibril para titiyang sami nganggep mengsah, jalaran malaikat Jibril punika dipun anggep malaikat tukang andhawahaken wawales, inggih punika ingkang andhatengaken siksaning Pangéran dhateng tiyang ingkang lepat. Nanging ing dalem Bébel, makaten ugi ing dalem Quran, kasebutaken bilih malaikat Jibril punika ingkang ngemban timbalaning Pangéran dhateng manusa, kadosta ing Daniel 8: 16 tuwin ing Lukas 1: 19 lan 26. Miturut Muqatal, mila para titiyang Yahudi nganggep mengsah dhateng malaikat Jibril, awit dipun anggep malaikat Jibril punika kautus maringaken kanabian dhateng titiyang Bani Israil, jebul dipun paringaken dhateng umat sanès, inggih punika titiyang Bani Isma'il (Rz). Sawenèh mufassirin mastani tembung *Jibrîl* lan *Mîkâil* punika sami tembung ngamanca, ing basa Arab boten wonten asalipun (AH), nanging mufassirin sanèsipun malih mastani bilih *jibril* punika tembung camboran *jabr*, tegesipun *abdi*, lan *il*, tegesipun *Allah*, déné *mîkâl* saking *mik* lan *il*, ingkang tegesipun sami kaliyan tembung *jabr* lan *il* wau (IJ).

141. Tembung *idhn* punika tegesipun *idin, palilah, mardika nindakaken satunggaling prakawis.* Kala-kala ugi mengku teges *paréntah*, makaten ugi mengku teges *karsa*, lan ugi ateges *ngilmu* (LL).

lah sayektiné Allah iku mungsuh tumrap para wong kafir.[142]

جِبْرِيلَ وَمِيكَٰىلَ فَإِنَّ ٱللَّهَ عَدُوٌّ لِّلْكَٰفِرِينَ ﴿٩٨﴾

99 Lan sayekti temen Ingsun andhawuhaké timbalan-timbalan kang terang-terang marang sira lan ora bakal angemohi, kajaba wong kang padha murang yekti.

وَلَقَدْ أَنزَلْنَآ إِلَيْكَ ءَايَٰتٍۭ بَيِّنَٰتٍ ۖ وَمَا يَكْفُرُ بِهَآ إِلَّا ٱلْفَٰسِقُونَ ﴿٩٩﴾

100 Yagéné! Saben-saben padha nyanggemi prajanjian, sing sagolongan padha angiwakaké? Balik sing akèh padha ora angèstu.

أَوَكُلَّمَا عَٰهَدُوا۟ عَهْدًا نَّبَذَهُۥ فَرِيقٌ مِّنْهُم ۚ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿١٠٠﴾

101 Lan bareng ana utusan saka ngarsaning Allah anekani, dadi bebener tumrap barang cecekelané,[a] sapéranganė wong kang padha katekan Kitab padha anyingkur Kitabing Allah ing burining gegeré, kaya padha ora weruh-weruha.[143]

a. 70

وَلَمَّا جَآءَهُمْ رَسُولٌ مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ مُصَدِّقٌ لِّمَا مَعَهُمْ نَبَذَ فَرِيقٌ مِّنَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ كِتَٰبَ ٱللَّهِ وَرَآءَ ظُهُورِهِمْ كَأَنَّهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿١٠١﴾

102 Lan dhèwèké padha manut apa kang diawad-awadaké[144] déning para sétan[145] atas kanabiané

وَٱتَّبَعُوا۟ مَا تَتْلُوا۟ ٱلشَّيَٰطِينُ عَلَىٰ مُلْكِ سُلَيْمَٰنَ

---

142. Manusa mengsahi Allah lan Allah mengsahi manusa, punika kénging katerangaken makaten: Menggah ing sajatos-jatosipun antawisipun Allah lan manusa punika boten wonten memengsahan. Manusa mengsahi Allah, punika tegesipun milawani ing dhawuh-Ipun, déné Allah mengsahi manusa, punika ateges maringaken piwalesing anggènipun sami milawani wau (AH). Kaèngetana bilih ing ngriki kapangandikakaken bilih Gusti Allah punika namung dados mengsahipun para titiyang kafir ingkang miwiti mengsahi dhateng para utusanipun Allah, dados sami kémawon kaliyan mengsahi para malaikat lan mengsah dhateng Allah pribadi. Angger-angger bab "siksaning awon kapangandikakaken kalayan tembungipun awon wau," kados déné ingkang sampun kasebutaken ing katerangan angka 27, punika menggah ing sajatos-jatosipun gumelar wonten ing dhawuh punika.

143. Ngiwakaken prajanjian ingkang kasebutaken ing ayat ingkang sampun, tuwin nyingkur Kitab, punika ingkang dipun karsakaken anggènipun para titiyang Israil boten anggapé piweca ing Pangandharing Torèt 18: 18, ingkang kanyataan saèstu déning rawuhipun Kanjeng Nabi. Sampun terang sanget bilih ingkang dipun wecakaken punika Kanjeng Nabi, mila wonten ing surat punika tansah kasebutaken marambah-rambah minangka bukti ingkang kiyat dhateng sikepipun mengsahi para Yahudi wau.

144. Miturut kateranganipun para mufassirin sadaya, sétan ing ngriki ingkang dipun karsakaken sétan manusa, utawi sétan ingkang awujud manusa (AH, Rz).

145. فلان يتلوا على فلان tuwin يقول عليه ateges: *satunggaling tiyang wicanten goroh utawi nyariyosaken ing atasipun satunggaling tiyang ingkang boten nyata* (TA, LL). Rz ngandika bilih تلا عليه punika ateges *wicanten goroh,* dados ngiyataken katerangan ing nginggil.

Suléman,[146] lan ora kafir[147] Suléman iku, nanging sétan-sétan iku kang padha kafir; padha mulang manusa prakara kemayan,[148] lan iku ora diturunaké marang malaikat loro ing Babil: Harut lan Marut, lan iki iya ora mulangaké
a.154 marang wong siji-sijia nganti[a] apadha ngucapa: satemené aku iki coba, mulané aja kowé kafir;[149]

وَمَا كَفَرَ سُلَيْمٰنُ وَلٰكِنَّ الشَّيٰطِيْنَ كَفَرُوْا يُعَلِّمُوْنَ النَّاسَ السِّحْرَ ۚ وَمَآ اُنْزِلَ عَلَى الْمَلَكَيْنِ بِبَابِلَ هَارُوْتَ وَمَارُوْتَ ؕ وَمَا يُعَلِّمٰنِ مِنْ اَحَدٍ حَتّٰى يَقُوْلَآ اِنَّمَا نَحْنُ

---

146. *Mulk*-ipun Nabi Sulaiman ing ngriki, ingkang dipun karsakaken: *kanabianipun, saréngatipun, tuwin punapa ingkang dhumawah ing panjenenganipun* utawi *jamanipun* utawi *kratonipun* (AH-Rz). Bangsa Yahudi sami mastani bilih kaluhuranipun Kanjeng Nabi Sulaiman punika saking ngèlmunipun sétan, inggih punika ingkang ing dhawuh ngriki kapangandikakaken gogorohan ingkang dipun awad-awadaken titiyang Yahudi ing atasing kanabianipun Kanjeng Nabi Sulaiman (Rz).

147. Ing dalem bab punika pratélanipun Quran Suci béda sanget kaliyan cicriyosanipun Bébel, awit manawi miturut Bébel para garwanipun Kanjeng Nabi Sulaiman padha anggèndhèng panggalihé, kongsi angabekti marang Allah liya-liyané" (Serat Para Raja I, 11: 4) tuwin "dadiné Suléman dibendoni déning Yéhuwah, awit panggalihé wus angéndhani ing pamadhep marang Yéhuwah, Allahé Israil" (Serat Para Raja I, 11: 9). Ing sapunika sampun saged katetepaken, bilih kateranganipun Bébel ing bab punika lepat. Tuwan pandhita T. K. Cheyne saged nedahaken kanthi yakin kasebut ing *Encyclopaedia Biblica*, bilih Kanjeng Nabi Sulaiman punika "sanès tiyang musyrik," lan sasampunipun nerangaken kados pundi anggènipun pratélan lepat lumebet ing dalem Bébel, panjenenganipun lajeng mungkasi kateranganipun makaten: "Bab prakawis nabi Sulaiman kagungan garwa kathah, bangsa Israil lan sanès bangsa Israil, punika kathah èmperipun, nanging panjenenganipun boten andamelaken altar (papan pangurbanan) para garwa wau sadaya, makaten ugi panjenenganipun piyambak inggih boten tumut-tumut nyembah sesembahipun para garwanipun sasarengan kaliyan panembahipun dhateng Yéhuwah" (*En. Bib* col 4689).

148. Miturut Jauhari *sadaya barang ingkang asalipun alus* punika *sihr.* Tegesipun ingkang asli *sihr* punika *malihaken satunggaling barang saking kawontenanipun sajati dados kawontenan sanès* (TA-LL). Panjenenganipun ugi nerangaken المرأة تسحر الناس بعينها punika jawinipun: *wong wadon iku nyihir (nyulap)* utawi *gawé kayungyune wong lanang kalawan mripaté* (A) سحره بكلامه jawinipun *agawé condhonging wong liya marang dhèwèké kalawan wicarané kang manis* utawi *luwes* (Mgh). Mila tembung wau ugi kanggé nembungaken kagunan luwes ing wicara, tuwin inggih awit saking punika Kanjeng Nabi ngandika makaten: ان من البيان لسحرا tegesipun *Sayekti sawenèh kawruh "bayan" iku kemayan (sihr).* Makaten ugi tembung *saharahu* punika tegesipun: *ngapusi ing dhèwèké* (S, Mgh, Q). Tembung سحرت الفضة tegesipun: *Aku nyepuh selaka dadi rupa mas* (Ham-LL). Tembung *sihr* ugi sami tegesipun kaliyan tembung *fasad*, kados déné ingkang kasebut ing TA, dados ateges *damel risak* utawi *damel wisuna.* Ugi ateges *ngawontenaken barang lepat arupi barang leres*, tuwin *mamaèsi sarana malsu tuwin ngapusi.* Dados tembung *sihr* punika mengku teges ingkang wiyar sanget, sarta kanggènipun tembung wau ing basa Arab, boten sami kaliyan tembung Jawi *guna-sekti* utawi *kemayan*, sanajan ta ingkang kula anggé negesi ing ngriki inggih tembung kemayan wau, margi kepeksa.

149. Miturut tuwan Sale, tiyang Majusi Pérsi "nyebutaken malaikat kakalih ingkang sami ambaléla, namanipun Harut lan Marut, ingkang sapunika sami kajantur sukunipun wonten nginggil, sirahipun wonten ngandhap, wonten ing tanah Babil;" katrangan punika kapirid déning tuwan wau saking *Hyde, de Rel. vet Pers., chap. 12.* Tuwan wau ugi mewahi katerangan makaten: "Para titiyang

فِتْنَةٌ فَلَا تَكْفُرْ ۖ فَيَتَعَلَّمُونَ مِنْهُمَا مَا يُفَرِّقُونَ
بِهِ بَيْنَ الْمَرْءِ وَزَوْجِهِ ۚ وَمَا هُمْ بِضَارِّينَ
بِهِ مِنْ أَحَدٍ إِلَّا بِإِذْنِ اللَّهِ ۚ وَيَتَعَلَّمُونَ مَا
يَضُرُّهُمْ وَلَا يَنْفَعُهُمْ ۚ وَلَقَدْ عَلِمُوا لَمَنِ

nanging dhèwèké padha sinau saka (sumber) loro iki barang kang padha dienggo anyilahaké antaraning wong lanang karo jodhoné; lan iku ora kena dienggo ambancanani wong siji-sijia kajaba kalawan idining Allah, lan dhèwèké padha sinau barang kang ambancanani awaké dhéwé lan ora migunani marang awaké,[149A] lan sayekti dhè-

---

Yahudi sami gadhah sawarni ingkang kados makaten punika, inggih punika Malaikat Syamhozai, ingkang sasampunipun lambang-sih kaliyan tiyang èstri lajeng mertobat, sarta minangka pitobatipun malaikat wau anggantung awakipun piyambak wonten ing antawisipun langit lan bumi." Sajakipun inggih dodongèngan warni kalih punika, ingkang lajeng dipun anggé dhadhasar dodongènganipun para mufassirin ingkang ngandhar-andhar punika; nanging para mufassirin ingkang langkung ngalim nulak dodongèngan wau. Ing Quran boten wonten satembung kémawon ingkang nyebutaken dodongèngan wau, malah kapara Quran nglepataken dodongèngan wau sarana anulak, boten ngakeni, bilih wonten sawenèh malaikat ing Babil ingkang kawedharan kawruh kemayan, tuwin boten ngakeni bilih malaikat wau mucalaken kemayan dhateng manusa, ingkang ugi mawi nyukani pèpènget dhateng tiyang ingkang kawucal wau: *Aku iki mung coba, mulané aja kowé kafir.* Pratélan punika sok kawewahaken dhateng dodongèngan wau, perlu kanggé namèngi sampun ngantos malaikat wau kénging winastan awon bubudènipun, awit malaikat wau sampun mertobat. Bausastra nerangaken *Harut* lan *Marut* punika saking tembung *hart* lan *mart*; *harata* ateges *nyuwèk*, déné *marata mecah.*

149A. Kateranganipun Quran makaten. Titiyang Yahudi, boten purun andhèrèk dhawuhing Pangéran, nanging malah manut sawenèh kawruh panasaran, ingkang sami dipun awadaken wejangan saking Kanjeng Nabi Sulaiman tuwin malaikat kakalih ing Babil. Kadhawuhaken manawi Kanjeng Nabi Sulaiman punika suci saking dosa ingkang kados makaten, ingkang kaawadaken dhateng sariranipun wau; déné dodongèngan malaikat kakalih wau, kadhawuhaken manawi punika namung damel-damelan. Nanging titiyang Yahudi dipun lepataken anggènipun sinau saking tuk kakalih punika, inggih punika anggènipun damel-damel ing atasipun dhateng Kanjeng Nabi Sulaiman tuwin anggènipun damel-damel dodongèngan bab malaikat kakalih, inggih punika barang ingkang sami dipun anggé *nyilahaké antaraning wong lanang karo bojoné. Dlamir huma* (tegesipun *kakalih*) ing pangandika ngriku punika ingkang dipun karsakaken anggènipun damel-damel warni kalih wau, inggih punika anggènipun damel-damel ing atasipun dhateng sariranipun Kanjeng Nabi Sulaiman tuwin anggènipun damel-damel dodongèngan bab malaikat kakalih. Dhateng pundi lèrègipun punika, bokmanawi pinanggih ular-ularipun wonten ing dhawuh candhakipun: *Nanging iku ora kena dienggo ambacanani wong siji-sijia kajaba kalawan idining Allah*; inggih punika wigatos anerangaken bilih para titiyang wau niyat badhé nandukaken sawenèh bencana dhateng Kanjeng Nabi kalayan ngèlmu wau. Dhawuh saminipun punika ugi kasebut wonten ing surat 58, ing ngriku sasampunipun nglepataken lekasipun para mengsahing Islam anggènipun sami pirembagan winados, kapangandikakaken wonten ing ayat 10 makaten: "Pirembugan winadi iku mung saka panggawéné sétan, supaya nusahaké para kang padha angèstu, lan ora bisa babar pisan agawé sangsarané, kajaba kalawan idining Allah." Sampun cetha manawi surat 58 punika tumurunipun wonten ing Madinah. Ing Madinah ngriku para titiyang Yahudi sami pirembagan winados sawarni parepatanipun "Griya Sétan" makaten, lumawan Kanjeng Nabi. Pirembagan winados wau kasebutaken manawi pandamelipun sétan. Dhawuh pangandika punika wonten sasambetanipun ingkang rapet kaliyan prakawis ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat ingkang saweg karembag punika, inggih ayat ingkang anerangaken manawi para titiyang Yahudi sami manut ing sétan, tur mawi ngawad-awadaken piwulangipun ingkang awon wau asli saking para nabi tuwin para malaikat. Ing 58: 10 kasebutaken bilih maksudipun pirembagan winados wau badhé ambencanani Kanjeng Nabi tuwin para Muslimin; makaten ugi wonten ing ayat ingkang saweg karembag punika kasebutaken, bilih pangrencana awon damelanipun para Yahudi wau

wèké temen padha weruh, yèn sapa sing nuku kuwi, ana ing akhirat ora olèh bagéan kabecikan, lan temen ala papayoné anggoné padha ngedol jiwané; mungguh ta dhèwèké padha weruha (iki)!

اشْتَرٰىهُ مَا لَهٗ فِي الْاٰخِرَةِ مِنْ خَلَاقٍ ۚ وَلَبِئْسَ مَا شَرَوْا بِهٖٓ اَنْفُسَهُمْ ۚ لَوْ كَانُوْا يَعْلَمُوْنَ ﴿١٠٢﴾

103 Lan yèn ta padha angèstua sarta padha bektia, ganjaran saka ngarsaning Allah sayekti luwih becik; mungguh ta dhèwèké padha weruha (iki)!

وَلَوْ اَنَّهُمْ اٰمَنُوْا وَاتَّقَوْا لَمَثُوْبَةٌ مِّنْ عِنْدِ اللّٰهِ خَيْرٌ ۗ لَوْ كَانُوْا يَعْلَمُوْنَ ﴿١٠٣﴾

RUKU' 13

Kitab ingkang rumiyin-rumiyin dipun suwak

104, 105. Panggethingipun Yahudi dhateng Kanjeng Nabi. 106, 107. Undhang-undhang ingkang rumiyin dipun suwak sarta dipun santuni ingkang langkung saé. 108-110. Pangajeng-ajengipun supados para Muslimin dhumawah ing manembah pangéran kathah. 111, 112. Namung agami sumarah babar pisan ingkang saged suka rahayu.

104 É, para wong kang padha angèstu, aja padha acalathu *ra'ina* lan padha calathua *undzurna*[150] sarta padha ngrungokna, lan bagéané para kafir iku siksa kang lara.

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَقُوْلُوْا رَاعِنَا وَقُوْلُوا انْظُرْنَا وَاسْمَعُوْا ۗ وَلِلْكٰفِرِيْنَ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ﴿١٠٤﴾

---

inggih mengku sedya kados makaten wau. Panglimbang-limbang kados makaten punika saged ambuktèkaken bilih pratélan ing ngriki punika wigatos anyebutaken pirembaganipun winados para Yahudi ingkang kasebut ing surat 58 wau. Salajengipun cetha manawi dhawuh ingkang mungel *padha nyilahaké antarané wong lanang karo bojoné*, punika ingkang dipun karsakaken papanggihan winados ingkang sawarni kados déné pakempalan "Griya Sétan" (*Vriymetselariy*) makaten, jalaran ing sajagad punika boten wonten pakempalan agami sanès-sanèsipun malih, kajawi namung pakempalan "Griya Sétan" piyambak, ingkang ngejawèkaken babar pisan dhateng tiyang èstri. Dados nadyan boten ceplos nyebutaken pakempalan "Griya Sétan," sifatipun ingkang miyambaki kasebutaken. Sarta malih sanajan babadipun pakempalan "Griya Sétan" ingkang kina-kina punika boten kénging pinitados, éwadéné boten wonten semang-semangipun malih, bilih pakempalan wau babadan ingkang sampun kina sanget, "sampun wiwit kinaning makina wontenipun" (*En. Br.).* Pratélan ing "*Book of Constitutions*" (Serat babon uger-ugeripun pakempalan Griya Sétan), bilih Cyrus anjumenengaken Yerubbabel dados panuntun ageng (*grand master*) ing Yudah *(En. Br.*), punika boten teka tanpa wonten leresipun.

150. Tembung *râ'ina* punika tegesipun: *nilinga* utawi *ngrungokna marang aku kabèh.* Nanging manawi anggènipun ngucapaken dipun éwahi sakedhik kémawon, lajeng mungel: *ra'ina*, ingkang jawinipun *bodho* utawi *gebleg* utawi *boten jangkep ngakalipun.* Tembung ingkang rumiyin wau asal saking *ra'â*, jawinipun *nilingaken*, déné ingkang angka kalih asal saking tembung *ra'n*, jawinipun *gebleg* (LL). Karana badhé nyényédha, titiyang Yahudi sami ngéwahi pakecapanipun, kados déné ingkang kadhawuhaken ing 4: 46 "nyalèwèngaké pakecapané tembung iku," dados tembung wau dipun anggé ngécé-écé. Mila kadhawuhaken santun nganggé tembung *undzurnâ*, ingkang jawinipun *aku*

105 Para pandhèrèking Kitab kang padha kafir padha ora seneng, lan para wong kang manembah Pangéran akèh iya padha ora, déné ana barang becik saka Pangéranira diturunaké marang sira; lan Allah iku anamtokaké sih-É marang sapa kang dadi kapareng-É, lan Allah iku Gustining kanugrahan kang agung.[151]

مَا يَوَدُّ الَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ أَهْلِ الْكِتٰبِ وَ
لَا الْمُشْرِكِينَ أَنْ يُنَزَّلَ عَلَيْكُمْ مِّنْ خَيْرٍ
مِّنْ رَّبِّكُمْ ۗ وَاللّٰهُ يَخْتَصُّ بِرَحْمَتِهٖ مَنْ
يَّشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيمِ ﴿١٠٥﴾

106 Sabarang timbalan kang Ingsun suwak utawa Ingsun gawé lali, Ingsun aparing kang luwih becik tinimbang iku utawa sapa-dhané iku. Apa sira ora weruh, yèn Allah iku marang samubarang kawasa?[152]

مَا نَنْسَخْ مِنْ اٰيَةٍ أَوْ نُنْسِهَا نَأْتِ بِخَيْرٍ مِّنْهَآ
أَوْ مِثْلِهَا ۗ أَلَمْ تَعْلَمْ أَنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٠٦﴾

---

kabèh entènana utawi *aku kabèh wènèhana inah sawatara*, jalaran tembung wau boten kénging dipun slèwèngaken pakecapanipun kados déné tembung satunggalipun wau. Ing dhawuh ngriki para Muslimin dipun awisi migunakaken sawenèh ungel-ungelan ingkang tartamtu; nanging menggah ing sajatos-jatosing karsanipun dhawuh wau, wigatos badhé anedahaken, sapinten genging gethingipun para Yahudi dhateng Kanjeng Nabi, ngantos dalasan angger-anggering tatakrami ingkang limrah-limrah kémawon, dipun terak wantun. Menggah ing budipakerti, dhawuh punika pantes dipun éstokaken sanget, jalaran dhawuh punika boten mrayogèkaken migunakaken tetembungan ingkang gadhah teges ingkang kirang prayogi.

151. Tembung *khair*, punika tegesipun ingkang lugu *saé*, déné *rahmah* tegesipun wantah *wilasa.* Kakalihipun punika ing ngriki mengku teges wahyuning Pangéran, awit inggih barang saé punika, ingkang titiyang Yahudi sami boten lila manawi katurunaken dhateng titiyang Muslimin, sarta inggih wilasa punika, ingkang para Muslimin kapiji ngampil (AH).

152. Limrahipun dhawuh punika dipun anggep dados wawatonipun paham "nasikh lan mansukh," inggih punika pamanggih ingkang mastani bilih sawenèh ayating Quran kasuwak déning ayat sanèsipun. Pasulayanipun para ngulami ingkang sami nganggep wontenipun "nasikh lan mansukh" wau, ing dalem bab anggènipun mastani pundi ayat ingkang kasuwak, punika sampun mratandhani manawi "nasikh lan mansukh" punika salugunipun boten wonten. Sawenèh anggadhahi paham bilih ayat ingkang kasuwak wau namung wonten gangsal, sanèsipun malih mastani ngantos atusan. Manawi kaparanyata wonten ayating Quran ingkang kasuwak tumindakipun, mesthinipun ing babagan pundi ayat ingkang kasuwak, rak sami sarujuk pahamipun, boten prabéda lan anggènipun sami sarujuk amastani bilih ayat-ayat wau inggih sapéranganing wahyunipun Pangéran. Dados pasulayanipun para ingkang sami gadhah paham ing wontenipun "nasikh lan mansukh" ing dalem prakawis wau, punika sampun mratandhani kanthi terang, manawi paham "nasikh lan mansukh" tumrap ayating Quran, punika namung awawaton panginten-inten blaka. Déné ingkang sampun kelampahan makaten menggah ing sajatos-jatosipun: sawenèhing tiyang margi saking boten saged anggathukaken ayat satunggal kaliyan ayat satunggalipun, lajeng mastani manawi salah satunggal dipun suwak déning satunggalipun; nanging tumrapipun ingkang saged anggathukaken, lajeng boten mastani manawi ayat ingkang satunggal kasuwak déning ayat satunggalipun. Ingkang nama margi ingkang leres punika manawi angsal dalil saking Kanjeng Nabi bilih wontenipun ayat ingkang kasuwak punika pranyata wonten aluranipun saking Kanjeng Nabi, mangka kedahipun ngemungaken manawi awawaton punika

107 Apa ta sira ora weruh, yèn Allah iku Ingkang-kagungan karatoning langit-langit lan bumi, lan saliyané Allah, sira ora duwé pangayoman lan ora duwé panulung.

أَلَمْ تَعْلَمْ أَنَّ اللَّهَ لَهُ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ ۗ وَمَا لَكُمْ مِّنْ دُوْنِ اللَّهِ مِنْ وَّلِيٍّ وَّلَا نَصِيْرٍ ﴿١٠٧﴾

108 Apa sira padha arep nyuwun (priksa) ing Utusanira kaya anggoné Musa disuwuni (priksa)

أَمْ تُرِيْدُوْنَ أَنْ تَسْـَٔلُوْا رَسُوْلَكُمْ كَمَا سُئِلَ

---

kémawon, paham "nasikh lan mansukh" punika kénging kaanggep. Lah punika nalaripun malih, déné paham "nasikh lan mansukh" tumrap ayating Quran punika boten kénging kaanggep.

Manawi ayat ingkang saweg dipun rembag punika dipun laras kaliyan suraosing dhawuh ing sadèrèng lan ing sasampunipun, ing ngriku cetha manawi ingkang katuju ing pangandika punika titiyang Yahudi. Ruku' kakalih ingkang sampun, kilap kathah kilap sakedhik, sampun ngrembag bab prakawis anggènipun titiyang Yahudi sami angemohi wahyunipun Kanjeng Nabi Muhammad, inggih punika: sami boten purun nganggep dhateng wahyu énggal ingkang boten kaparingaken dhateng tiyang Israil. Bab punika kasebutaken kanthi cetha wonten ing ayat 90 lan 91 makaten: "Ala barang papayoné olèhé padha ngedol jiwané — déné padha ngafiri barang kang diturunaké déning Allah, saking kemropok, déné Allah nurunaké wilasa-Né marang kawula-Né kang dadi kapareng-É," "Padha calathu: Aku padha angèstu marang apa kang katurunaké marang aku; lan padha ngafiri marang saliyané iku." Bab punika ugi, taksih dipun lajengaken, titiyang Yahudi taksih katuju ing pangandika. Pawadanipun: punapa perlunipun déné wahyu sanèsipun katurunaken dhateng Kanjeng Nabi Muhammad, lan punapa perlunipun angger-angger ingkang isi saréngat énggal kagiyaraken? Panampik kados makaten punika perlu dipun paringi wangsulanipun. Wangsulan punika sapérangan sampun kaparingaken kasebut ing ayat 105, tuwin sapérangan malih kasebut ing ayat ingkang nembé dipun rembag punika. Ing dhawuh ingkang sapisan para titiyang Yahudi sami dipun pangandikani, bilih Gusti Allah milih ing tiyang ingkang dipun karsakaken ngampil wahyu-Nipun. Dhawuh ingkang kaping kalih mangandikakaken, manawi wonten satunggaling saréngat (inggih punika saréngat Yahudi) kasuwak, ingkang langkung saé katimbang punika katurunaken lumantar Kanjeng Nabi Suci. Tembung *âyah* ingkang jawinipun *ayahan* utawi *timbalan*, ing ngriki boten ateges ayating Quran Suci, nanging ayahan utawi angger-angger ingkang kaparingaken dhateng titiyang Yahudi. Ayat candhakipun wigatos dhawuh anggatosaken dhateng angger-anggering kudrat, ingkang tumindak ing sagung bawana punika. Punapa boten sampun kanyataan ing dalem sagung kudrat, bilih kawontenan ingkang lami punika mesthi kasantunan ingkang énggal, ingkang awon kasantunan ingkang saé? Awit saking punika dados nama sampun samesthinipun kémawon, manawi saréngat Musa, ingkang bakunipun kaparingaken namung tumrap dhateng satunggaling bangsa, ing jaman ingkang tartamtu, tuwin ingkang namung nyekapi kanggé kabetahanipun bangsa wau, punika kasantunan kaliyan angger-angger anyar ingkang ajajagadan, inggih punika angger-angger (saréngat) Islam. Angger-angger ingkang sampun kina, sapérangan sampun dipun supèkaken, ingkang taksih wonten sapunika dipun suwak, perlu kasantunan ingkang langkung saé, tuwin ingkang ing dalem sawenèhing prakawis sami kaliyan ingkang sampun. Dados cetha manawi ingkang dipun karsakaken dhawuhing ayat punika: suwakan saréngat Yahudi, awit pratélan punika minangka jawaban dhateng panampikipun titiyang Yahudi, babar pisan boten wonten ingkang nyebutaken bab suwakan tumrap ayat-ayatipun Quran. Mirsanana ugi 16: 101, ingkang ugi nunggil suraos kaliyan ayat punika; nanging dhawuh ing 16: 101 wau anggènipun katurunaken wonten ing Makkah, milanipun saged-sagedipun namung mengku maksud suwakan tumrap saréngat ingkang rumiyin-rumiyin, jalaran piprincènipun angger-angger Islam, punika anggènipun katurunaken wonten ing Madinah, dados boten saged yèn wonten suwakan tumrap ayat-ayating Quran ing Makkah. Dalasan para ingkang sami gadhah paham bab "nasikh lan mansukh," punika ugi anggadhahi panganggep bilih boten wonten ayat Makkiyah ingkang nyuwak ayat sanèsipun. Kados prayogi dipun wewahi katerangan, bilih dhawuh ingkang mungel *sapadhané iku*, punika saged ugi ingkang dipun karsakaken piweca ing Pangandharing Torèt 18: 18.

dhèk biyèn; lan sapa sing milih kafir tinimbang iman, sayekti sasar saka ing dalan bener.[153]

مُوسَىٰ مِن قَبْلُ ۗ وَمَن يَتَبَدَّلِ الْكُفْرَ
بِالْإِيمَانِ فَقَدْ ضَلَّ سَوَاءَ السَّبِيلِ ﴿١٠٨﴾

109 Kèh-kèhané pandhèrèké Kitab padha kapéngin bisaa ambalèkaké sira dadi wong kafir sawisé sira padha angèstu, karana saka drengkiné kang thukul saka jiwané, ing sawisé barang yekti terang gamblang tumrap dhèwèké; nanging padha apuranen lan puwungen, nganti[154] Allah rawuh paréntah-É;[155] sayekti Allah iku marang samubarang kawasa.

وَدَّ كَثِيرٌ مِّنْ أَهْلِ الْكِتَابِ لَوْ يَرُدُّونَكُم مِّن
بَعْدِ إِيمَانِكُمْ كُفَّارًا حَسَدًا مِّنْ عِندِ أَنفُسِهِم مِّن
بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ الْحَقُّ ۖ فَاعْفُوا وَاصْفَحُوا حَتَّىٰ
يَأْتِيَ اللَّهُ بِأَمْرِهِ ۗ إِنَّ اللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٠٩﴾

110 Lan padha anjumenengna salat lan ambayara zakat, lan sabarang kabecikan tumrap awakira kang wus padha sira lakoni dhingin-dhingin, iki bakal sira temu ing ngarsaning Allah; sayekti Allah iku ngudanèni sabarang panggawénira.

وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَآتُوا الزَّكَاةَ ۚ وَمَا تُقَدِّمُوا
لِأَنفُسِكُم مِّنْ خَيْرٍ تَجِدُوهُ عِندَ اللَّهِ ۗ
إِنَّ اللَّهَ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿١١٠﴾

111 Lan dhèwèké padha calathu: Ora ana kang bakal malebu ing *taman* kajaba sapa sing Yahudi utawi Nasrani. Iki mung gagasané. Sira calathua: Gelaren tandha yektimu, yèn sira iku padha wong temen.

Ut. *suwarga*

وَقَالُوا لَن يَدْخُلَ الْجَنَّةَ إِلَّا مَن كَانَ هُودًا
أَوْ نَصَارَىٰ ۗ تِلْكَ أَمَانِيُّهُمْ ۗ قُلْ هَاتُوا بُرْهَانَكُمْ
إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿١١١﴾

---

153. Ingkang katuju pangandika ing ngriki para Yahudi, jalaran para titiyang wau ingkang asring adamel sekeling panggalihipun Kanjeng Nabi Musa sarana nyuwun ingkang manéka-néka tuwin ngaturaken pitakènan mawarni-warni. Dhawuh *sapa sing milih kafir tinimbang iman*, punika boten ateges kafir lajeng dados iman, nanging kosokwangsulipun, inggih punika saking iman dados kafir, awit saking punika dhawuh punika ugi mathuk tumrap titiyang Yahudi.

154. *Hattâ* punika tarkadhang ateges *supaya, murih*, nunggil teges kaliyan tembung *kai* (Mgh-LL).

155. Allah mitedahaken dhawuh-Ipun, punika tegesipun: Allah andhawahaken saèstu pancasan-Ipun siksa ingkang kedah kasandhang déning para titiyang wau margi saking anggènipun sami murang-yekti. Dados ingkang dipun karsakaken punika dhumawahing siksa ingkang jalaran saking tindakipun ingkang awon para titiyang wau. Utawi ingkang dipun karsakaken "paréntahé Allah" punika jumenenging panguwaosipun para Muslimin ing nagarinipun. *Manawi sami ngapunten mengsahipun lan mintonaken alusing bubudènipun, piyambakipun mesthi badhé saged maris nagari.*

112 O, balik sing sapa sumarah babar pisan adhepé ing Allah sarta dhèwèké iku wong kang agawé becik (ing liyan), amesthi éntuk ganjarané ing ngarsaning Pangérané, lan padha ora kataman wedi sarta ora bakal padha susah.[156]

بَلٰى مَنْ أَسْلَمَ وَجْهَهٗ لِلّٰهِ وَهُوَ مُحْسِنٌ فَلَهٗٓ أَجْرُهٗ عِنْدَ رَبِّهٖ ۖ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ﴿١١٢﴾

RUKU' 14

Tuntunan sampurna namung wonten ing Islam

113. Boten wonten agami ingkang boten wonten saénipun. 114, 115. Ingkang ngrisak masjid dipun kawonaken. 116, 117. Anganggep Gusti Allah apuputra punika boten angakeni kasampurnanipun Gusti Allah. 118, 119. Panedha wedharing sabda. 120, 121. Islam suka tuntunan sampurna.

113 Wong Yahudi padha calathu: Wong Nasrani iku ora ana barang (becik) sing dienut, lan wong Nasrani padha calathu: Wong Yahudi iku ora ana barang (becik) sing dienut,[157] ing mangka padha maca Kitab (siji). Kaya mangkono uga wong-wong kang ora duwé kawruh, calathu kaya calathuné; mulané ing dinané kiyamat Allah bakal ambeneri

وَقَالَتِ الْيَهُوْدُ لَيْسَتِ النَّصٰرٰى عَلٰى شَيْءٍ ۖ وَّقَالَتِ النَّصٰرٰى لَيْسَتِ الْيَهُوْدُ عَلٰى شَيْءٍ ۙ وَّهُمْ يَتْلُوْنَ الْكِتٰبَ ۗ كَذٰلِكَ قَالَ الَّذِيْنَ لَا يَعْلَمُوْنَ مِثْلَ قَوْلِهِمْ ۚ فَاللّٰهُ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْ

---

156. Titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani dipun pangandikani, pangakenipun bilih namung titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani piyambak ingkang saged manggih karahayon, punika ngayawara. Tuking karahayon ingkang sajati, punika ngemungaken sumarah dhumateng Allah ingkang kalayan ambabar pisani tuwin nindakaken pandamel saé dhateng titah-Ipun; sarta inggih makaten punika tegesipun *Islâm* miturut Quran Suci punika. Dhawuh ingkang mungel اسلم وجهه لله makaten ugi اسلمت وجهي tembung *wajh* ing ngriku boten ateges *rai*, nanging ingkang dipun karsakaken "badan sakojur, awit rai punika péranganing badan ingkang mulya piyambak" (Yal-LL), utawi tembung *wajhi* punika ateges *awakku* (TA). Tembung *wajh* ugi ateges *adhep, margi, maksud,* utawi *tuju.*

Agami ingkang kawulangaken déning Quran, punika namanipun *Islâm*; "Islâm" punika saking tembung *aslama*, jawinipun *sumarah*, tegesipun ingkang lugu *nyumarahaken badanipun* utawi *masrahaken badanipun* (M, Q, LL). Dados agami Islam punika agami sumarah ingkang kalayan ambabar pisani dhateng Allah. Katranganipun ingkang panjang kula aturi mirsani katrangan angka 400, inggih punika ing katranganipun tembung *Islâm.*

157. Tembungipun ingkang asli على شيء Tembung *'alâ* ing dalem ukara ingkang kados makaten wau ateges *cocog (nunggil)*, kados déné ing paribasan الناس على دين ملوكهم ingkang jawinipun *wong akèh iku sing dienut cocog* utawi *nunggal karo agamané ratuné* (LL); déné tembung *syai'*, ingkang tegesipun asli *barang*, ing ukara ingkang makaten wau ateges *barang ingkang pantes kamanah*, utawi *barang ingkang wonten aosipun*, utawi *barang ingkang saé*, kados déné ing paribasan ليس بشيء (LL).

يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فِيْمَا كَانُوْا فِيْهِ يَخْتَلِفُوْنَ ﴿١١٣﴾

wong-wong mau ing prakara kang padha disulayakaké.[158]

وَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنْ مَّنَعَ مَسٰجِدَ اللّٰهِ اَنْ يُّذْكَرَ
فِيْهَا اسْمُهٗ وَسَعٰى فِيْ خَرَابِهَا ؕ اُولٰٓئِكَ مَا كَانَ
لَهُمْ اَنْ يَّدْخُلُوْهَآ اِلَّا خَآئِفِيْنَ ؕ لَهُمْ فِى
الدُّنْيَا خِزْيٌ وَّلَهُمْ فِى الْاٰخِرَةِ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ﴿١١٤﴾

114 Lan sapa ta sing luwih atindak dudu tinimbang kang ngalang-alangi (wong malebu ing) masjid-masjiding Allah amrih asma-Né ana ing kono diéling-éling lan sing ambudidaya ing rusaké? (Wondéné) iki, iki padha ora mungguh malebua mrono, kajaba kalawan wedi; bagéané ana ing donya asor, lan bagéané ana ing akhirat siksa kang gedhé.[159]

وَلِلّٰهِ الْمَشْرِقُ وَالْمَغْرِبُ ۚ فَاَيْنَمَا تُوَلُّوْا فَثَمَّ
وَجْهُ اللّٰهِ ؕ اِنَّ اللّٰهَ وَاسِعٌ عَلِيْمٌ ﴿١١٥﴾

115 Lan kagungané Allah wétan lan kulon iku, mulané menyang ngendi baé adhepira, iya mrono tujuné Allah; sayekti Allah iku Jembar-paparingé, Ngudanèni.[160]

---

158. Ing ngriki titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani dipun cacad anggènipun gadhah tindak kados tindakipun tiyang bodho, inggih punika boten purun ngakeni sadaya kasaénan ingkang dumunung ing satunggal-tunggaling golongan kakalih wau, nadyan para titiyang wau sami déné dados pandhèrèkipun Kitab satunggal, inggih punika kitab Prajanjian Lami. Quran boten kados makaten, wangsul angakeni bilih sapéranganing kasunyatan pranyata pinanggih wonten ing sadaya agami. Agami Islam angundhangaken tatales ingkang jembar bab kasunyatan ingkang pinanggih ing sadaya agami, punika anggumunaken sanget, manawi dipun èngeti bilih agami Islam punika lahiripun wonten ing nagari ingkang boten naté sasambetan kaliyan jagad ing sajawinipun, malihipun piwulang wau kaundhangaken déning satunggaling tiyang, ingkang dèrèng naté maos kitab sucinipun agami sanès, tur ing nalika jaman agami kakalih ingkang taksih sadhèrèk wau sami dakwa dinakwa sepen ing kasunyatan.

159. Nasib ingkang badhé dipun sandhang déning para ingkang sami ngalang-alangi titiyang Muslimin nembah dhateng Allah wonten ing masjid-masjid, kawecakaken wonten ing ngriki. Nasib ingkang kasandhang saèstu déning para mengsahipun Islam, punika dados pasaksèn ingkang cetha ing kayektènipun piweca punika. Para titiyang Yahudi ingkang sami manggèn ing Madinah, ingkang tansah ngetog rékadayanipun badhé nyirnakaken Islam, punika manawi boten kéndhang tur kalayan nandhang asor, inggih sami tiwas ing salebetipun sami ambudidaya nyirnakaken Islam. Para titiyang musyrik, utawi titiyang Quraisy, ingkang sami ngawisi para Muslimin lumebet dhateng masjid suci ing Makkah, ing wasananipun ugi sami teluk pasrah bongkokan tuwin sumungkem dhateng para titiyang ingkang suwaunipun dipun kuya-kuya, ingkang boten sanès sababipun kajawi margi saking anggènipun sami manembah dhateng Allah. Kanyataaning wahananipun piweca ingkang sapisan, inggih punika *bagéané ana ing donya asor*, punika dados tandha yakti ingkang cetha ing kayektèning piweca ingkang kaping kalih, inggih punika *bagéané ana ing akhirat siksa kang gedhé*.

160. Ayat punika boten sasambetan kaliyan prakawis adhepipun tiyang manawi saweg nindakaken sembahyang, awit bab punika badhé dipun rembag ing wingking. Panginten manawi dhawuh punika gagayutan kaliyan babagan wau, lepat, déné lepatipun wau jalaran anggènipun nyuraos dhawuh punika boten mawi kacocogaken kaliyan suraosing ayat nginggilipun lan ngandhapipun. Ayat ingkang sampun mecakaken bilih para titiyang ingkang sami nganiaya dhateng titiyang Muslimin mesthi badhé manggih asor; déné ayat punika mecakaken badhé kamenanganipun para Muslimin, ingkang margi kamenanganipun wau para mengsah badhé sami nandhang asor. Wekasaning ayat ingkang mungel

116 Lan padha calathu: Allah iku angalap putra. Mahasuci Panjenengané; balik malah kagungan-É sabarang ing langit-langit lan bumi; kabèh ambangun turut ing Panjenengané.[161]

وَقَالُوا اتَّخَذَ اللَّهُ وَلَدًا ۗ سُبْحَانَهُ ۖ بَل لَّهُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۖ كُلٌّ لَّهُ قَانِتُونَ ﴿١١٦﴾

117 Kang anitahaké[162] langit-langit lan bumi, lan samangsa Panjenengané amasthi sawijining prakara, banjur Panjenengané angandikakaké baé: Anaa, banjur ana.[163]

بَدِيعُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۖ وَإِذَا قَضَىٰ أَمْرًا فَإِنَّمَا يَقُولُ لَهُ كُن فَيَكُونُ ﴿١١٧﴾

Allah iku Kang jembar paparing-É, Ngudanèni, punika ugi ngiyataken panyuraos ingkang makaten wau. Para Muslimin, ingkang sampun sami kécalan sadaya barang darbèkipun tuwin nandhang kikirangan ingkang sanget, kaparingan janji manawi badhé tampi paparing kathah sanget. Dhawuh ingkang mungel *menyang ngendi baé adhepira, iya mrono tujuné Allah*, punika kalayan cetha mengku janjining Pangéran, bilih sadaya papalang ingkang ngalang-alangi marginipun para Muslimin mesthi badhé sumingkir tuwin kamenangan mesthi badhé tutwingking para Muslimin. Panyuraos sanès makaten: *dadalan endi baé kang sira enggo lumayu*, déné ingkang katuju ing dhawuh para ingkang sami damel risak masjid-masjid (AH).

Tembung *wajh* ing ngriki ateges *rai* utawi *ener*, *maksud* utawi *tuju* ingkang dipun turut, utawi *arah* ingkang katuju utawi kaadhepaken (TA-LL). Miturut Rgh tembung wau ateges *adhep.*

161. Wonten ing dhawuh ngriki piwulang Nasrani bab Allah puputra kabantah, makaten ugi panganggepipun titiyang kafir Arab ingkang mastani bilih para malaikat punika putranipun Pangéran. Sawenèh tiyang Yahudi ugi ngaji-aji ingkang ngantos kados makaten wau dhateng Nabi ‘Uzair. Tetembungan: *subhânahu* punika mesthi dipun agem kanggé nerangaken bilih Pangéran punika suci saking sadaya sifat boten sampurna, kados ingkang pinanggih wonten ing titah punika sadaya, sarta mesthi kasebutaken saben mangandikakaken bab piwulang Allah puputra, perlunipun kanggé anedahaken bilih nyifati Pangéran kagungan putra, kalayan panyuraos walaka, punika nama nyifati Panjenenganipun kalayan sifat ingkang boten sampurna, kados déné ingkang pinanggih wonten ing manusa punika. Déné kanggènipun tembung wau kalayan entar, punika asring nuwuhaken kalèntuning panampi, jalaran sadaya ingkang gumelar ing langit-langit lan ing bumi, punika menggah ing sajatos-jatosipun putra-Nipun, kalayan mengku suraos entar, awit sadaya para malaikat tuwin para manusa punika sami déné titah-Ipun. Sami déné anggènipun dados titah, para malaikat lan para manusa punika sami déné mijil saking asta-Nipun. Piwulang Allah puputra punika kasebutaken ing ngriki bilih cengkah kaliyan agami ingkang andhawuhaken sumarahipun sadaya tiyang ingkang kalayan ambabar pisani, ingkang mesthi kémawon lajeng boten ambetahaken juru-pantawis barang.

162. Tembungipun ingkang asli *badî’*, ingkang kénging kanggé mastani “barang ingkang kadamel” lan kénging kanggé mastani “ingkang damel.” *Satunggaling barang* punika kénging kawastanan *badî’*, manawi boten *sami kaliyan sadhéngah barang ingkang sampun wonten ing sadèrèngipun*; tuwin *badî’* ugi ateges *ingkang damel utawi ingkang ngawontenaken utawi ingkang nitahaken sapisanan tuwin boten niru barang ingkang sampun wonten ing sadèrèngipun* (LL).

163. كُن فَيَكُونُ Punika asring kasebutaken wonten ing Quran Suci kanggé mangandikakaken lekasipun Allah anitahaken saha anyirnakaken sadaya barang. Punika minangka wangsulan dhateng para ingkang sami anggadhahi panganggep, kados déné para titiyang Ariya Samaj, bilih anggènipun Allah nitahaken sadaya barang punika taksih mawi gumantung ing wontenipun gurubakal wadhag, jiwa tuwin nglarasaken sifat-sifatipun. Saumpami Pangéran punika boten kuwaos damel barang tanpa gurubakal wadhag, mesthi Panjenenganipun inggih boten kuwaos midhanget tuwin mirsani tanpa gurubakal wadhag wau. Bukti sanèsipun malih ingkang kawarsitakaken ing dhawuh

118 Lan sing padha ora duwé kawruh acalathu: Yagéné ta déné Allah ora mangandikani aku utawa (ora) maringi tandha yekti aku?[164] kaya mangkono uga wong ing sadurungé, acalathu kaya calathuné; padha kabèh atiné. Sayekti Ingsun wus anerangaké timbalan pirang-pirang tumrap kaum kang padha yakin.

وَقَالَ الَّذِينَ لَا يَعْلَمُونَ لَوْلَا يُكَلِّمُنَا اللَّهُ أَوْ
تَأْتِينَا آيَةٌ ۗ كَذَٰلِكَ قَالَ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِم
مِّثْلَ قَوْلِهِمْ ۘ تَشَابَهَتْ قُلُوبُهُمْ ۗ قَدْ بَيَّنَّا
الْآيَاتِ لِقَوْمٍ يُوقِنُونَ ﴿١١٨﴾

119 Sayekti Ingsun angutus ing sira, angemban kasunyatan, dadi juru-warta bubungah lan juru-pépéling lan sira ora bakal *dinangu* tumrap prakara para mitraning geni murub.

Ut. *atang-gung jawab*

إِنَّا أَرْسَلْنَاكَ بِالْحَقِّ بَشِيرًا وَنَذِيرًا ۖ وَلَا
تُسْأَلُ عَنْ أَصْحَابِ الْجَحِيمِ ﴿١١٩﴾

120 Lan para Yahudi ora sarju marang sira, sarta para Nasrani iya ora, kajaba yèn sira wis manut agamané. Calathua: Sayekti tuntunaning Allah iku, yaiku tuntunan (kang nyata). Manawa sira manut pépénginané ing sawisé ana kawruh tumeka ing sira, ora bakal

وَلَن تَرْضَىٰ عَنكَ الْيَهُودُ وَلَا النَّصَارَىٰ حَتَّىٰ تَتَّبِعَ
مِلَّتَهُمْ ۗ قُلْ إِنَّ هُدَى اللَّهِ هُوَ الْهُدَىٰ ۗ وَلَئِنِ
اتَّبَعْتَ أَهْوَاءَهُم بَعْدَ الَّذِي جَاءَكَ مِنَ

---

ngriki, inggih punika: manusa, ingkang manawi badhé damel punapa-punapa taksih ambetahaken gurubakal wadhag, punika inggih taksih ambetahaken conto minangka kanggé tuladha anggènipun badhé dadamelan; nanging Pangéran boten ambetahaken dhateng kalih-kalihipun wau sadaya. Nanging ayat punika sajakipun ingkang dipun karsakaken langkung mligi bab prakawis éwah-éwahan ingkang dipun wontenaken déning Kanjeng Nabi. Tumrapipun manusa, sajakipun mokal sagedipun kelampahan, nanging Allah sampun amasthi punika. Kanyataanipun, éwah-éwahan ingkang dipun wontenaken déning Kanjeng Nabi Suci, punika angédab-édabaken sanget, ngantos kénging winastan bumi lan langitipun jazirah Arab ingkang lami kasantunan ingkang énggal grès.

164. Para titiyang kafir sami ambangkang boten purun nganggep kayektènipun Islam, kajawi manawi Allah piyambak ngandika dhateng para titiyang wau, ingkang supados samia angsal tandha yekti bilih Panjenenganipun pranyata anurunaken timbalan-Ipun dhateng manusa, utawi manawi para titiyang wau kaparingan pasaksèn. Pasaksèn ingkang asring kasuwun, inggih punika siksa ingkang sampun kaancamaken, sarta rèhning ing ngriki ingkang kawecakaken dhateng titiyang wau anggènipun sami badhé nandhang asor wonten ing donya punika (ayat 114), mila ingkang kasuwun punika inggih dhumawahing siksa wau, ingkang supados dados pasaksèn ing kayektènipun Kanjeng Nabi. Dhawuh wangsulanipun panyuwun warni kalih wau kasebut wonten ing ayat 119, jalaran rèhning panjenenganipun wau dados *juru-wartos bibingah*, mila Kanjeng Nabi Suci dhawuh dhateng para titiyang wau, manawi purun sami nucèni badanipun piyambak sarana napak tilas padhanipun, Allah mesthi kapareng ngandika dhateng piyambakipun, tuwin rèhning panjenenganipun punika dados juru-pèpènget, mila panjenenganipun paring pèpènget dhateng para titiyang wau, bilih sami badhé dipun dhawahi bebendu, manawi sami ambeguguk wonten ing marginipun piyambak ingkang awon punika.

sira duwé pangayoman tuwin babantu saka ing Allah.[165]

الْعِلْمِ مَا لَكَ مِنَ اللَّهِ مِن وَلِيٍّ وَلَا نَصِيرٍ ﴿١٢٠﴾

121 (Wong) kang wus padha Ingsun paringi Kitab padha manut Kitabé, pamanuté kalawan sanyatané.[166] Iki wong kang padha angèstu ing (Kitab) iku, lan sing sapa angemohi, yaiki wong kang padha kapitunan.

الَّذِينَ آتَيْنَاهُمُ الْكِتَابَ يَتْلُونَهُ حَقَّ تِلَاوَتِهِ أُولَٰئِكَ يُؤْمِنُونَ بِهِ وَمَن يَكْفُرْ بِهِ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْخَاسِرُونَ ﴿١٢١﴾

RUKU' 15

Prajanjian kaliyan Nabi Ibrahim

122, 123. Pepesthènipun para turun Israil. 124. Kanjeng Nabi Ibrahim kadadosaken panuntun ruhani. 125. Anggènipun anucèni Ka'bah sarta kertanipun. 126-129. Makkah kadadosaken punjer tumrap Nabi ingkang miyos saking nglebetipun darah Isma'il .

122 É, para turuning Israil, padha ngélingana nugraha-Ningsun kang wus Ingsun nugrahakaké marang sira lan anggon-Ingsun wus amunjulaké sira ngungkuli
a. 77 sakèhing bangsa.[a]

يَا بَنِي إِسْرَائِيلَ اذْكُرُوا نِعْمَتِيَ الَّتِي أَنْعَمْتُ عَلَيْكُمْ وَأَنِّي فَضَّلْتُكُمْ عَلَى الْعَالَمِينَ ﴿١٢٢﴾

123 Lan padha jaga-jagaa ing dina, kang (ing kono) sawijining jiwa ora makolèhi sathithik-thi-
b. 78 thika marang jiwa liyané[b] lan ora ana tebusan kang sinembadan lan
c. 79 syafa'at ora ana gunané[c] sarta ora bakal padha tinulungan.

وَاتَّقُوا يَوْمًا لَّا تَجْزِي نَفْسٌ عَن نَّفْسٍ شَيْئًا وَلَا يُقْبَلُ مِنْهَا عَدْلٌ وَلَا تَنفَعُهَا شَفَاعَةٌ وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ﴿١٢٣﴾

124 Lan nalikané Pangérané anyoba Ibrahim kalawan sabda pirang-pirang,[167] dhèwèké anetepi

وَإِذِ ابْتَلَىٰ إِبْرَاهِيمَ رَبُّهُ بِكَلِمَاتٍ فَأَتَمَّهُنَّ

165. Dhawuh punika kanthi cetha mengku pangancam siksa ingkang calon badhé andhawahi para mengsahipun Islam.

166. Ingkang dipun karsakaken para Muslimin; déné *Kitâb*, punika *Kitâb Qurân* (AH). I'AB nerangaken dhawuh يَتْلُونَهُ حَقَّ تِلَاوَتِهِ punika ateges *padha netepi kitab iku kalawan sanyatané* (IJ). Awit tembung *talâ*, punika ateges *netepi*, utawi *manut miturut*. Mirsanana LL, ing ngriku mawi nyebutaken wawaton warni-warni.

167. Tegesipun: Kanjeng Nabi Ibrahim punika jalaran saking anggènipun netepi sadaya dhawuhipun Pangéran kanthi temen-temen, kaparingan ganjaran sarana kadadosaken panuntunipun

kabèh. Panjenenganė ngandika: Sayekti Ingsun arsa andadèkaké sira dadi pangareping manusa. (Ibrahim) munjuk: Dalah para turun kawula? Panjenenganė ngandika: Janji-Ningsun ora tumeka marang wong kang atindak dudu.[168]

قَالَ إِنِّي جَاعِلُكَ لِلنَّاسِ إِمَامًا ۖ قَالَ وَمِن ذُرِّيَّتِي ۖ قَالَ لَا يَنَالُ عَهْدِي الظَّالِمِينَ ﴿١٢٤﴾

---

manusa. Jalaran dados panuntunipun ruhani umat ageng titiga ing jagad punika, Kanjeng Nabi Ibrahim punika inggil piyambak lenggahipun wonten ing antawisipun para gugununganipun agami-agami. Sasampunipun ngrembag kalayan jalèntrèh bilih satunggaling nabi saking dharah Isma'il rawuh sayektos, cocog kaliyan piwecanipun nabi-nabi Bani Israil, sapunika Quran Suci nglajengaken wasitanipun, bilih rawuhipun satunggaling nabi ing tanah Arab, punika sampun mesthi, boten kénging boten, jalaran sampun kajanjèkaken dhateng luluhuripun, inggih punika Kanjeng Nabi Ibrahim.

168. Anggènipun mabeni titiyang Israil makaten: Kanabian punika kedah tetep wonten ing dharah Isra'il , sarta nabi ingkang kajanjèkaken wonten ing Pangandharing Torèt 18: 18 punika inggih kedah tiyang Israil. Ing ruku' punika para titiyang Israil wau sami dipun pangandikani, bilih prajanjian wau boten kaliyan Israil (Kanjeng Nabi Ishaq), nanging kaliyan Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin Kanjeng Nabi Isma'il, awit saking punika turun Isma'il lan turun Ishaq kedah sami-déné binarkahan. Anggènipun mabeni titiyang Yahudi tuwin titiyang Nasrani bilih prajanjian kaliyan Isma'il punika namung asifat dun-yawi, punika boten wonten watonipun. Kajawi saking punika, wawaton-wawaton ing ngandhap punika ambuktèkaken bilih prajanjian wau mengku kakalihipun, inggih punika Isma'il tuwin Ishaq. (1) Janji badhé maringi barkah dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim satedhak turunipun, punika anggènipun kaparingaken sadèrèngipun Kanjeng Nabi Isma'il lan Kanjeng Nabi Ishaq kawiyosaken: "Sira nuli bakal Suntangkar-tangkarakė dadi bangsa sagelengan gedhé, sarta Sunbarkahi, lan jenengira Sundadèkaké luhur, apa manèh sira dadia marganing barkah …… Sarta sira bakal dadi margané sakèhé turuning manusa ing bumi padha binarkahan" (Purwaning Dumados 12: 2, 3). (2) Janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim bab anggènipun badhé katangkar-tangkaraken tedhak turunipun, punika sami kaliyan janji ingkang kaparingaken dhateng Siti Hajar ing bab Kanjeng Nabi Isma'il nalika panjenenganipun wau ngandhutaken Kanjeng Nabi Isma'il: "Abraham banjur dituntun marang ing jaba banjur didhawuhi mangkéné: Sira tumengaha marang langit; lintangé wilangen, manawa sira bisa. Nuli sinambetan manèh, dhawuhé: Iya samono bakal cacahé turunira" (Purwaning Dumados 15: 5). "Karo manèh pangandikané sang malaikaté Yéhuwah (dhateng Siti Hajar): Wijinira bakal Suntangkar-tangkarakė kang akèh banget, kongsi ora kena diwilang marga déning kèhé" (Purwaning Dumados 16: 10). (3) Prajanjian wau kadamel malih kaliyan Kanjeng Nabi Ibrahim sasampunipun miyos Kanjeng Nabi Isma'il, mangka Kanjeng Nabi Ibrahim sampun boten kagungan pangajeng-ajeng badhé kagungan putra kakung malih, punapa déné inggih boten wonten janjining Pangéran ingkang anjanjèkaken bilih panjenenganipun badhé kagungan putra malih ingkang miyos saking Siti Sarah; déné janji ingkang kasebut ing Purwaning Dumados 15: 4: "Kang mesthi dadi ahli warisira: iya kang bakal tumurun saka ing awakira" punika sampun kanyataan wahananipun déning wiyosipun Kanjeng Nabi Isma'il. Janji wau kasebut wonten ing Purwaning Dumados 17: 2-6: "Déné karsanipun anetepaké prasetya-Ningsun kalawan sira, sarta anangkar-nangkarakė kang akèh banget marang sira ….. Tuwin sira Sundadèkaké babranahan luwih akèh, kongsi dadi bangsa pirang-pirang, sarta kang tumuwuh saka ing sira bakal ana uga kang padha jumeneng raja." (4) Prajanjian wau dipun énggalaken malih kaliyan Kanjeng Nabi Isma'il ing sasampunipun Kanjeng Nabi Ishaq kaparingan janji: "Déné ingatasé Isma'il iku iya Ingsun anyembadani panyuwunira, wruhanira: dhèwèké iya Sunbarkahi, bakal Sundadèkaké babranahan sarta Suntangkar-tangkarakė kang akèh banget, bakal anurunaké ratu rolas tuwin Sundadekaké bangsa sagelengan gedhé" (Purwaning Dumados 17: 20). Perlu dipun pèngeti bilih Pangéran nyembadani Kanjeng Nabi Ibrahim ing atasipun Kanjeng Nabi Isma'il, punika ingkang dipun karsakaken panyuwunipun Kanjeng Nabi Ibrahim ingkang kasebut ing Purwaning Dumados 17: 18: "Ah, mugi Isma'il kalilana gesang wonten ing ngarsa Tuwan," sarta punika nedahaken manawi Kanjeng Nabi Isma'il punika wonten ing ngarsanipun Pangéran tiyang tulus.

وَاِذْ جَعَلْنَا الْبَيْتَ مَثَابَةً لِّلنَّاسِ وَاَمْنًا ؕ
وَاتَّخِذُوْا مِنْ مَّقَامِ اِبْرٰهٖمَ مُصَلًّى ؕ وَ
عَهِدْنَآ اِلٰٓى اِبْرٰهٖمَ وَاِسْمٰعِيْلَ اَنْ طَهِّرَا

125 Lan nalikané Ingsun andadèkaké dalem iku dadi enggon kang tinuwi-tuwi ing akèh tumrap para manusa sarta dadi (enggon kang) aman – lan padha ngalapa enggon ngadegé Ibrahim dadi pasalatan[169] – lan Ingsun aparéntah marang Ibrahim sarta Isma'il, pangandika-Ningsun: Sucèkna padaleman-Ingsun[170] kanggo kang

(5) Janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Isma'il punika sifatipun boten wonten bédanipun kaliyan janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim: kakalihipun sami badhé binarkahan, kakalihipun sami badhé dipun dadosaken babranahan, turuning kakalihipun badhé dipun damel tangkar-tumangkar kathah sanget, tedhak turunipun badhé wonten ingkang jumeneng ratu tuwin kakalihipun sami pinaringan janji manawi badhé dipun dadosaken bangsa ingkang ageng. Boten wonten saprakawis kémawon, ingkang kajanjèkaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim, ingkang boten dipun janjèkaken dhateng Kanjeng Nabi Isma'il. (6) Prajanjian wau ingkang tumrap darah Ibrahim dipun tetepi sanget déning tedhak turunipun Kanjeng Nabi Ishaq tuwin tedhak turunipun Isma'il. Miturut Purwaning Dumados 17: 10 "Prasetya-Ningsun kang kalawan sira lan sawijinira ing sapungkurira, kang Sun dhawuhaké anetepi, iku lakuné mangkéné: sakèhé panunggalanira kang lanang padha tetaka." Lah, tetak punika tatacaranipun titiyang Israil tuwin titiyang Isma'il. Dados sampun terang manawi janjinipun Pangéran punika kaparingaken dhateng bangsa kakalih wau. (7) Kaleksananing janjinipun Pangéran wau kanyataanipun inggih nyrambahi bangsa kakalih wau. "Apa déné tanah panggonané panglembaranira, ing tanah Kanaan iku bakal Sun paringaké marang sira lan marang wijinira ing sapungkurira, dadi ebèké kang langgeng, sarta Ingsun dadi Allahé wijinira iku" (Purwaning Dumados 17: 8). Lah, manawi janji punika namung kaparingaken dhateng tedhak turunipun Kanjeng Nabi Ishaq thok, janji badhé andarbé tanah Kanaan langgeng salaminipun, punika lajeng nama wuk wiwit nalika jaman lahiripun agami Islam, dadosipun tanah Kanaan punika lastantun kadarbé salaminipun wonten ing tanganipun darah Kanjeng Nabi Ibrahim, jalaran sareng titiyang Yahudi, utawi inggih wawakilipun, inggih punika titiyang Nasrani, boten pantes andarbèni tanah suci margi saking boten tulusipun, tanah suci wau lajeng kaparingaken dhateng bangsa Arab, inggih punika tiyang Bani Isma'il, sarta dumugi dinten punika tanah suci wau taksih lastantun wonten ing tanganipun titiyang Muslimin, inggih wawakiling darah Isma'il ingkang sajati.

169. Para mufassirin béda-béda pahamipun, punapa ta *maqami Ibrahim* utawi *papan panjumenenganipun Kanjeng Nabi Ibrahim* punika. Sawenèh mufassir ngandika manawi tegesipun: ngibadah haji, sanèsipun kagungan pamanggih manawi punika panggènan ingkang kanggé klempakan para titiyang ingkang sami ngibadah haji, sanèsipun malih gadhah pamanggih maqam Ibrahim punika sagemblenging papan suci (masjid suci). Sawenèhipun ngandika manawi punika namanipun panggènan ing salebetipun masjid suci, ingkang nalika jamanipun Kanjeng Nabi Suci misuwur kanamakaken makaten wau, sarta ingkang lastantun kanamakaken makaten wau (AH, L). "Punika griya alit dipun uwat-uwati mawi cagak nem iji watawis 8 pecak inggilipun, ingkang sekawan mawi dipun kupengi ing pagertosan ingkang adi wiwit nginggil dumugi ngandhap, antawisipun cagak kakalih ingkang wingking blak-blakan; ing salebeting pager wonten godhagan watawis 5 pecak pasagi, cariyosipun isi séla suci ingkang kanggé ancik-ancik Kanjeng Nabi Ibrahim nalika ngedegaken Ka'bah" (Rodwell-Burcknardt). Miturut Imam Hasan, *mushallâ*, jawinipun *papan sembahyang*, punika ingkang dipun karsakaken *qiblah*, inggih punika ener ingkang kaadhepaken manawi nindakaken salat (Rz). Dados ingkang kadhawuhaken wonten ing ayat ngriki punika bab prakawis Ka'bah dipun anggé *qiblah.*

170. Nitik dhawuh ingkang maréntahaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin Kanjeng Nabi Isma'il supados nucèkaken "Padaleman-Ingsun" (Arabipun: *Baitullâh* lan *Beth-el* tumrap ing Bébel) tumrap para ingkang sami jiyarah mriku tuwin tumrap ingkang sami wonten ing ngriku, punika nandhakaken bilih Ka'bah utawi *Baitullâh* punika sampun wonten wiwit sadèrèngipun Kanjeng Nabi

padha aniliki sarta kang padha ana ing jeroné apa déné kang padha ruku’ tuwin kang padha sujud.

بَيْتِيَ لِلطَّآئِفِينَ وَالْعٰكِفِينَ وَالرُّكَّعِ السُّجُودِ ﴿١٢٥﴾

Ibrahim wonten ing ngriku. Pamanggih punika angsal pasaksèn saking dhawuh ingkang kasebut ing 3: 95, bab prakawis Ka’bah punika “Padaleman Wiwitan” ingkang kadamel wonten ing bumi kanggé manembah Allah, makaten ugi saking dhawuh ingkang kasebut ing 22: 29 tuwin 33, ingkang namakaken Ka’bah punika: “Padaleman Kuna.” Tuwan Sir William Muir, kasebut wonten ing bubukaning buku karanganipun “*Life of Muhammad*,” ngakeni bilih Ka’bah punika wontenipun sampun kina sanget. Ing ngandhap punika pepethikan sawatawis panjang saking buku wau, supados dados pasaksèn, bilih nadyan silih panyela saking fihak lawan meksa ngakeni dhateng leresipun pamanggih ing nginggil wau. Tuwan wau nerangaken: “Kawujudanipun agami Makkah ingkang baku punika sampun wiwit kinaning makina sanget ……. Watawis satengah abad sadèrèngipun taun Maséhi, Diodorus Siculus damel pèngetan ingkang nerangaken tanah Arab ing sapinggiring Saganten Abrit makaten: “Ing nagari ngriku wonten candhinipun ingkang dipun mulyakaken sanget déning titiyang Arab.” Tetembungan punika tamtunipun ingkang dipun kajengaken Padaleman Suci ing Makkah, jalaran sasumerep kita boten wonten sanèsipun malih ingkang umum dipun mulyak-mulyakaken makaten wau …… Cicriyosan gethok-tular nyariyosaken bilih Ka’bah punika sampun wiwit jaman kinaning makina dados papan panggènanipun ngibadah haji saking saindhenging tanah Arab, kadosta: saking Yaman tuwin saking Hadlaramaut, saking gisiking Teluk Persi, saking seganten wedi Siriyah, tuwin saking sakukubaning Hira’ tuwin Mésopotamia ingkang tebih punika, para titiyang sami byuk-byukan dhateng Makkah ing saben taun. Nitik samanten wiyaring tebanipun ingkang sami mulyakaken, nandhakaken manawi wontenipun punika sampun wiwit ing jaman kinaning makina.”

Punapa pupuntoning pamanggih makaten punika cengkah kaliyan cicriyosan Arab ingkang sampun misuwur, ingkang anggayutaken asma Ibrahim tuwin Isma’il kaliyan Ka’bah? Leres, miturut cicriyosan Arab wau Ka’bah punika sampun wonten sadèrèngipun Kanjeng Nabi Ibrahim, ananging punika boten teka ateges bilih Kanjeng Nabi Ibrahim boten naté jiyarah mriku. Pratélan ing dalem Quran nedahaken bilih Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin Kanjeng Nabi Isma’il sami nucèni Padalemanipun Pangéran wau saking panembah brahala, sarta panjenenganipun sakaliyan ugi ngedegaken tatalesipun (ayat 127). Nanging punika boten sanès kajawi namung ateges ambangun padaleman wau; déné gagayutanipun asmanipun priyagung kakalih wau kaliyan Padaleman Suci, dumugi ing dinten punika taksih lastantun wontenipun, tur kalayan wujud ingkang kénging ginrayang, inggih punika *Maqam Ibrahim*. Langkung-langkung manawi cicriyosan gethok-tular punika saged ambuktèkaken ing bab prakawis kinanipun Padaleman Suci wau, punapa déné boten saged ambuktèkaken sasambetanipun asma Ibrahim tuwin Isma’il kaliyan Padaleman Suci wau? Manawi cicriyosan gethok-tular ingkang satunggal kaanggep kénging pinitados lan kaanggep kina, satunggalipun mesthi inggih makaten. Tuwan Sir William Muir ngaken bilih: “punika sanès cariyos damel-damelanipun tiyang Muslimin, wangsul punika panganggepipun titiyang Makkah ingkang sampun kalimrah wiwit jaman sadèrèngipun Nabi Muhammad. Awit manawi botena makaten yekti boten badhé kasebutaken ing dalem Quran kados déné gelar yekti ingkang sampun umum dipun akeni, sarta malih yekti boten badhé kelampahan wonten sawenèhing papan ing sacelakipun, kados déné ingkang sampun kita sumerapi punika.” Namung wonten saprakawis ingkang ngodhengaken tuwan Muir, inggih punika: wontenipun Padaleman Suci punika sampun langkung kina kaliyan jamanipun Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin Kanjeng Nabi Isma’il. Nanging, kados déné ingkang sampun kula terangaken ing nginggil, bab prakawis langkung kinanipun punika boten teka lajeng boten ambuktèkaken gagayutaning asmanipun luluhur kakalih wau kaliyan Padaleman Suci. Bab gagayutanipun asmanipun Kanjeng Nabi Isma’il kaliyan tanah Arab, punika gelar yekti ingkang sampun cetha boten kénging pinaiben malih, jalaran Kédar (putranipun kakung Kanjeng Nabi Isma’il, Purwaning dumados 25: 13) punika wonten ing serat-serat Prajanjian Lami mesthi ateges tanah Arab (Zabur 120: 5, Isayah 42: 11, 60: 7 tuwin sanès-sanèsipun).

Langkung-langkung cariyos katundhungipun Kanjeng Nabi Isma’il lan Siti Hajar, punika menggah ing bakuning cariyos pancèn cetha nyata leres, sanajan piprincèning cariyos, kados ingkang kasebutaken ing Purwaning Dumados, punika boten kénging kaanggep leres, awit kacariyosaken bilih nalika Kanjeng Nabi Ibrahim ngesahaken Siti Hajar, panjenenganipun namung kabektanan roti tuwin toya sagendul, sajak namung badhé dudunung wonten ing dusun ing sacelakipun ngriku kémawon. Siti

126 Lan nalikané Ibrahim munjuk: Pangéran kawula, mugi punika Tuwan dadosaken nagari ingkang aman, sarta mugi tiyangipun ingkang sami angèstu ing Allah tuwin dinten akhir Tuwan rejekèni wowohan, Panjenenganė ngandika: Dalasan sapa sing kafir uga Ingsun paringi kasenengan sawatara suwéné, tumuli Ingsun giring marang siksa geni; sarta iki enggon kawusanan kang ala.

وَإِذْ قَالَ إِبْرٰهِمُ رَبِّ اجْعَلْ هٰذَا بَلَدًا
آمِنًا وَّارْزُقْ أَهْلَهُ مِنَ الثَّمَرٰتِ مَنْ آمَنَ
مِنْهُمْ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ ۖ قَالَ وَمَنْ كَفَرَ
فَأُمَتِّعُهُ قَلِيلًا ثُمَّ أَضْطَرُّهُ إِلٰى عَذَابِ
النَّارِ ۖ وَبِئْسَ الْمَصِيرُ ﴿١٢٦﴾

127 Lan nalikané Ibrahim karo Isma'il[170A] angadegaké témboking Dalem iku: Pangéran kawula, mugi Tuwan anampènana ing kawula; saèstu Tuwan punika Ingkang-miyarsa, Ingkang-ngudanèni:

وَإِذْ يَرْفَعُ إِبْرٰهِمُ الْقَوَاعِدَ مِنَ الْبَيْتِ
وَإِسْمٰعِيلُ ۖ رَبَّنَا تَقَبَّلْ مِنَّا ۖ إِنَّكَ أَنْتَ
السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ﴿١٢٧﴾

128 Pangéran kawula! saha kawula kakalih mugi Tuwan dadosaken tiyang ingkang sami sumarah ing Tuwan, panapa déné para turun kawula (mugi Tuwan dadosaken) umat ingkang sumarah ing Tuwan, sarta kawula mugi Tuwan serepaken lampah-lampahing pangabekti, saha mugi Tuwan angrentahaken paramarta ing kawula; saèstu Tuwan, Tuwan punika Ingkang-tansah-wongsal-wangsul ing paramarta, Ingkang-Mahaasih:

رَبَّنَا وَاجْعَلْنَا مُسْلِمَيْنِ لَكَ وَمِنْ ذُرِّيَّتِنَا
أُمَّةً مُّسْلِمَةً لَّكَ ۠ وَأَرِنَا مَنَاسِكَنَا وَتُبْ
عَلَيْنَا ۚ إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ﴿١٢٨﴾

Sara tamtu dèrèng marem manawi marunipun namung katundhung makaten wau! Cicriyosan Arab ingkang nyariyosaken Kanjeng Nabi Ibrahim lan Siti Hajar tuwin Kanjeng Nabi Isma'il rawuh wonten ing panggènan, ingkang sapunikanipun nama nagari Makkah, punika babar pisan boten gagayutan kaliyan cicriyosanipun Bébel. Manawi cicriyosan warni kalih punika dipun anggep sadaya, punika saged ngiyataken pupuntoning pamanggih, bilih pratélanipun Quran punika leres. Langkung-langkung dunungipun nagari Makkah ingkang kamargèn antawisipun tanah Siriyah lan Yaman ingkang sampun wiwit jaman kina kasumerepan, tuwin wontenipun sujarahan saking saganten wedhi ing tanah Siriyah dhateng "Padaleman Kina" wau, punika sadaya ngiyataken pamanggih wau. Dados ingkang sampun kalimrah wau kados déné dongèng ngayawara, sarta malih kasunyatan ingkang kawarsitakaken ing dalem Quran punika kasaksèn ing sawarnining panglimbang-limbang.

170A. Asma Isma'il punika asring sanget kasebutaken wonten ing dalem Quran Suci. Mirsanana 2: 133, 136, 140; 3: 83; 4: 163; 6: 87; 14: 39; 19: 54, 55; 21: 85; 37: 101-107 (ing ngriku boten kasebutaken asmanipun); tuwin 38: 48.

129 Pangéran kawula! Mugi Tuwan anjumenengaken satunggaling utusan, unusanipun, ing antawisipun, ingkang andhawuhaken timbalan-timbalan Tuwan dhateng piyambakipun, sarta amulangaken Kitab tuwin kawicaksanan punapa déné anucèni piyambakipun; saèstu Tuwan punika Ingkang-Minulya, Ingkang-Wicaksana.

رَبَّنَا وَابْعَثْ فِيهِمْ رَسُولًا مِّنْهُمْ يَتْلُوا عَلَيْهِمْ آيَاتِكَ وَيُعَلِّمُهُمُ الْكِتَابَ وَالْحِكْمَةَ وَيُزَكِّيهِمْ ۚ إِنَّكَ أَنتَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿١٢٩﴾

RUKU' 16

Agaminipun Kanjeng Nabi Ibrahim

130-134. Kanjeng Nabi Ibrahim lan Ya'qub amarisaken agaminipun dhateng turunipun. 135. Dados agami Ibrahim punika ingkang minangka tatales. 136-138. Celep (baptising) Islam punika amajibaken angèstu dhateng sadaya nabi. 139. Manembah ing Allah punika waradin dados tatalesipun sadaya agami. 140, 141. Para pancering turun Israil ingkang ageng-ageng.

130 Lan sapa sing nglirwakaké agamané Ibrahim kajaba sing nyublukaké awaké dhéwé,[171] lan sayekti Ingsun wus *anucèkaké*[172] dhèwèké ana ing donya, sarta ana ing akhirat temen golongané para wong tulus.

Ut. *amilih*

وَمَن يَرْغَبُ عَن مِّلَّةِ إِبْرَاهِيمَ إِلَّا مَن سَفِهَ نَفْسَهُ ۚ وَلَقَدِ اصْطَفَيْنَاهُ فِي الدُّنْيَا ۖ وَإِنَّهُ فِي الْآخِرَةِ لَمِنَ الصَّالِحِينَ ﴿١٣٠﴾

131 Nalika Pangérané angandika marang dhèwèké: Sumaraha, aturé: Kawula sumarah dhateng Pangéraning sadaya ngalam.

إِذْ قَالَ لَهُ رَبُّهُ أَسْلِمْ ۖ قَالَ أَسْلَمْتُ لِرَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿١٣١﴾

Asma Ishaq ingkang mesthi kasebutaken kanthi cekak, mirsanana 2: 136, 140; 3: 83; 4: 163; 6: 85; 11: 71; 12: 6; 14: 39; 19: 49; 21: 72; 29: 27; 37: 112, 113; 38: 45-47.

171. Ukara سفه نفسه punika asalipun سفهت نفسه , jawinipun *dhèwèké* utawi *atiné ora wicaksana* utawi *kukurangan kawicaksanan*, sapiturutipun; nanging manawi ingkang dados jèjèr santun, sanès *nafs* (ati), nanging tiyangipun ingkang gadhah, tembung ingkang wonten ing sawingkinging tembungipun kriya, punika lajeng dados lésan, lajeng tegesipun sami plek kaliyan ukara جهل نفسه jawinipun *nyublukaké awaké dhéwé* (LL). AH negesi *dhèwèké kendho pikirané*; Zj negesi *dhèwèké bodho utawi lalèn.* Miturut I'Ab ukara wau ateges *dhèwèké gawé pitunané awaké dhéwé utawi jiwané dhéwé.*

172. *Ishthafainahu*, miturut AH ateges: *Ingsun andadèkaké dhèwèké suci saka sawarnaning rereged.* Miturut TA, اصطفاء الله عباده punika sok ateges *Allah nitahaken kawula-Nipun kalayan suci*, tarkadhang margi anggènipun Pangéran nitahaken kawula-Nipun wau kalayan suci saking

132 Lan iki diwasiyataké Ibrahim marang anak-anaké lan Ya'qub (iya masiyataké mangkono uga): É anak-anakku, sayekti Allah wus amilihaké agama (iki) marang kowé, mulané aja kowé padha mati, kajaba manawa wis padha dadi Muslim.[173]

وَوَصَّىٰ بِهَآ إِبْرَٰهِيمُ بَنِيهِ وَيَعْقُوبُ يَٰبَنِيَّ إِنَّ
ٱللَّهَ ٱصْطَفَىٰ لَكُمُ ٱلدِّينَ فَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا
وَأَنتُم مُّسْلِمُونَ ﴿١٣٢﴾

133 Apa ta sira padha aneksèni nalika pati anekani Ya'qub, dhèk calathu marang anak-anaké: Apa kang padha kokawulani ing sapungkurku? Padha calathu: Kula sami badhé angabdi ing sesembahan panjenengan sarta sesembahanipun rama-rama panjenengan, Ibrahim saha Isma'il tuwin Ishaq[a], Sesembahan Mahatunggal, lan kula punika sami tiyang sumarah ing Panjenenganipun.

a. 170A

أَمْ كُنتُمْ شُهَدَآءَ إِذْ حَضَرَ يَعْقُوبَ ٱلْمَوْتُ
إِذْ قَالَ لِبَنِيهِ مَا تَعْبُدُونَ مِنۢ بَعْدِى قَالُوا۟
نَعْبُدُ إِلَٰهَكَ وَإِلَٰهَ ءَابَآئِكَ إِبْرَٰهِيمَ وَإِسْمَٰعِيلَ
وَإِسْحَٰقَ إِلَٰهًا وَٰحِدًا وَنَحْنُ لَهُۥ مُسْلِمُونَ ﴿١٣٣﴾

134 Iki umat kang wis kliwat; bagéané apa murwating panggawéné, lan bagéanira, iya apa murwating-panggawénira, lan sira ora bakal *didangu* apa kang padha dilakoni.

Ut. *atanggung jawab*

تِلْكَ أُمَّةٌ قَدْ خَلَتْ لَهَا مَا كَسَبَتْ وَلَكُم مَّا
كَسَبْتُمْ وَلَا تُسْـَٔلُونَ عَمَّا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿١٣٤﴾

135 Padha calathu: Padha dadia Yahudi utawa Nasrani, kowé bakal ana ing dalan bener. Calathua: Malah (aku padha manut) agamané Ibrahim, wong tulus, lan dudu golongané wong-wong-manembah pangéran-akèh.[174]

وَقَالُوا۟ كُونُوا۟ هُودًا أَوْ نَصَٰرَىٰ تَهْتَدُوا۟ قُلْ بَلْ
مِلَّةَ إِبْرَٰهِيمَ حَنِيفًا وَمَا كَانَ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿١٣٥﴾

---

campuran ingkang pinanggih ing sanèsipun, tarkadhang margi pamilih-Ipun tuwin pancasan-Ipun. Tembung *thafa* ugi ateges *milih* satunggaling barang ngungkuli sanèsipun (LL).

173. Kacocogna kaliyan Purwaning Dumados 18: 19: "Ujer wus Sunpundhut mitra, supaya amardiya marang anak putuné lan sabatihé padha kapuriha netepi agaminé Yéhuwah, yaiku anglakoni kabeneran lan kautaman."

Bab Kanjeng Nabi Ya'qub mirsanana 2: 133, 136, 140; 3: 83, 92; 4: 163; 6: 85; surat ingkang kaping 12; 21: 72, 73; 38: 45-47.

174. Tembung *hanîf* punika saking lingga *hanf*, jawinipun: *tumiyung* utawi *condhong* (LL). Dados *hanîf* punika *tiyang ingkang tumiyung dhateng kawontenan utawi ener ingkang leres* (Rgh TA-LL).

136 Padha ngucapa: Kawula sami angèstu ing Allah sarta (ing) barang ingkang katurunaken dhateng kawula tuwin (ing) barang ingkang katurunaken dhateng Ibrahim saha Isma'il tuwin Ishaq sarta Ya'qub punapa déné para pancer, sarta (ing) barang ingkang kaparingaken dhateng Musa sarta 'Isa, tuwin (ing) barang ingkang kaparingaken dhateng para nabi saking Pangéranipun; kawula sami boten ambédakaken satunggal-satunggalipun, lan kawula punika sami tiyang sumarah ing Panjenenganipun.[175]

قُولُوٓا ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيْنَا وَمَآ أُنزِلَ
إِلَىٰٓ إِبْرَٰهِۦمَ وَإِسْمَٰعِيلَ وَإِسْحَٰقَ وَيَعْقُوبَ
وَٱلْأَسْبَاطِ وَمَآ أُوتِىَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ وَمَآ
أُوتِىَ ٱلنَّبِيُّونَ مِن رَّبِّهِمْ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ
أَحَدٍ مِّنْهُمْ وَنَحْنُ لَهُۥ مُسْلِمُونَ ﴿١٣٦﴾

137 Mulané yèn dhèwèké padha angèstu kaya anggonira angèstu ing Panjenengane, sayekti padha ana ing dalan bener, lan yèn padha maléngos, sayekti ana ing pamirong;[176] mulané Allah bakal nyukupi ing sira lumawan dhèwè-

فَإِنْ ءَامَنُوا بِمِثْلِ مَآ ءَامَنتُم بِهِۦ فَقَدِ ٱهْتَدَوا ۖ
وَّإِن تَوَلَّوْا فَإِنَّمَا هُمْ فِى شِقَاقٍ ۖ فَسَيَكْفِيكَهُمُ

Tembung wau asring kasebutaken gagayutan kaliyan asma Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin Kanjeng Nabi Muhammad, sarta para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi ugi kadhawuhan dados *hanîf*. Sajakipun punika ateges: tetep wonten ing dalem margi ingkang leres, sarta sampun boten wonten semang-semangipun malih nyasmitakaken tumiyungipun para Yahudi tuwin para Nasrani dhateng sasar. Akosokwangsul kaliyan para ingkang ngaken dados pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Ibrahim wau, para Muslimin sami dipun dhawuhi supados tansah tetep wonten ing margi ingkang leres, dadosipun, nama pandhèrèking agami Ibrahim ingkang sajati ing jagad punika. Inggih awit saking punika mila ing ayat ngriki tembung *hanîf* dipun agem, perlunipun supados pratéla bédanipun kaliyan adegipun para Yahudi lan para Nasrani. Ing jaman sadèrèngipun lahir agami Islam, ing basa Arab tembung wau boten naté dipun anggé ingkang kalayan mengku suraos kados makaten wau.

175. Punika anedahaken sifatipun ingkang ajajagadan iman (pangandel) miturut Islam punika. Boten namung angèstu dhateng nabi-nabi Bani Israil ingkang ageng-ageng kémawon ingkang dados rukuning iman tumrap sok tiyanga Muslim, nanging malah langkung malih, inggih punika dhawuh ingkang mungel *barang ingkang kaparingaken dhateng para nabi saking Pangéranipun*, punika andadosaken iman dhateng para nabi miturut Islam punika sakalangkung déning wiyar, ngantos nglimputi saindhenging jagad. Kapèngetana bilih piwulang ingkang jembar punika anggènipun kagiyaraken ing jaman nalika para Yahudi lan para Nasrani sami ngetog kakiyatan milawani agami énggal punika.

176. *Syiqaq* kénging dipun tegesi *pamirong* tuwin *pipisahan* (IJ), utawi kénging dipun tegesi *panglawan* (I'Ab) utawi *memengsahan* (Zaid). Punika wigatos nyasmitakaken anggènipun milawani para Yahudi dhateng agami Islam, ingkang ngakeni nabi-nabinipun. Suraosipun: anggènipun sami angemohi tatalesing iman ingkang wiyaripun samanten wau, margi saking anggènipun mengsahi.

ké lan Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni.[177]

اللّٰهُ ۚ وَهُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ﴿١٣٧﴾

Ut. *baptising*

138 (Sira nampanana) *panyeluping* Allah – lan sapa ta kang luwih becik tinimbang Allah mungguhing pambaptis – saha kawula punika, sami ing Panjenenganipun pangabdi kawula.[178]

صِبْغَةَ اللّٰهِ ۚ وَمَنْ أَحْسَنُ مِنَ اللّٰهِ صِبْغَةً ۫ وَنَحْنُ لَهُ عٰبِدُونَ ﴿١٣٨﴾

139 Calathua: Apa ta kowé padha madoni aku prakara Allah, kang mangka Allah iku Pangéranku lan Pangéranmu, sarta aku bakal padha olèh panggawéku tuwin kowé bakal padha olèh panggawému, lan aku iki padha wong tuhu ing Panjenengané.[179]

قُلْ أَتُحَآجُّونَنَا فِي اللّٰهِ وَهُوَ رَبُّنَا وَرَبُّكُمْ ۚ وَلَنَآ أَعْمٰلُنَا وَلَكُمْ أَعْمٰلُكُمْ ۚ وَنَحْنُ لَهُ مُخْلِصُونَ ﴿١٣٩﴾

140 Apa ta sira padha calathu, yèn Ibrahim lan Isma'il lan Ishaq sarta Ya'qub tuwin para pancer iku padha Yahudi utawa Nasrani? Calathua: Apa kowé sing padha luwih weruh, apa Allah? Lan sapa ta kang luwih atindak dudu tinimbang kang angumpet pasaksi kang terang saka Allah? Lan ora pisan

أَمْ تَقُولُونَ إِنَّ إِبْرٰهٖمَ وَإِسْمٰعِيلَ وَإِسْحٰقَ وَيَعْقُوبَ وَالْأَسْبَاطَ كَانُوا هُودًا أَوْ نَصٰرٰى ۗ قُلْ ءَأَنْتُمْ أَعْلَمُ أَمِ اللّٰهُ ۗ وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنْ كَتَمَ شَهٰدَةً عِنْدَهُ مِنَ اللّٰهِ ۗ وَمَا اللّٰهُ

---

177. Dhawuh فَسَيَكْفِيكَهُمُ اللّٰهُ ingkang jawinipun *Allah bakal anyukupi ing sira lumawan dhèwèké*, punika suraosipun: *Allah bakal ngreksa ing sira saka palacidrané arep numpes sira* (AH). Punika nedahaken bilih ing jaman wiwitan wau para Yahudi sampun sami dados tukang milawani sumiyaripun agami Islam, sarta sampun sami ngrakit upaya badhé nyédani Kanjeng Nabi.

178. *Shabgh* ateges *nyukani warni sarana kacelep*, sarta ugi *nylulupaken* utawi *ngablesaken ing toya*; dados *shibghah* punika ateges *babtis*, ingkang manawi cara Nasrani katindakaken sarana kaslulupaken ing toya. Tembung wau kagem wonten ing ayat punika minangka sasmita dhateng para Nasrani, bilih babtisipun Pangéran punika sanès babtis mawi toya, ingkang angsal-angsalanipun lajeng angemohi sadaya nabi, nanging babtis sarana tatalesing iman ingkang jembar, ingkang angakeni nabi-nabinipun sadaya bangsa tuwin sadaya jaman. Lahir ingkang kaping kalih, punika sagedipun kadumugèn ngemungaken sarana babtis punika, jalaran babtis punika saged ambuka manah purun nampèni sadaya kasunyatan, sarta saged nukulaken katresnan tuwin ngaosi dhateng sadaya tiyang saé. Awit saking punika, babtisipun Pangéran punika tegesipun *agaminipun Allah* utawi *fithrah ingkang kagem déning Allah nitahaken manusa* (AH). Rèhning tembung wau wonten ing ayat ngriki dados lésan, mila murih cetha suraosipun, kula wewahi tembung agnya tanduk: *sira nampanana.*

179. Pangertosan Islam bab Allah punika wiyar sanget, mengku sadaya ingkang saé ingkang pinanggih wonten ing agami sanès-sanèsipun, nanging suci saking wawates ingkang kapasang déning agami-agami wau. Awit saking punika boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang pranyata setya tuhu dhateng agaminipun, ingkang saged mabeni pangertosanipun para Muslimin ing bab ka-Allah-an wau.

Allah iku kasupèn ing sabarang kang padha sira lakoni.[180]

بِغَٰفِلٍ عَمَّا تَعۡمَلُونَ ١٤٠

141 Iki umat kang wis kaliwat; bagéané apa murwating panggawéné, lan bageanira iya apa murwating-panggawénira, lan sira ora bakal *didangu* apa kang padha dilakoni.

Ut. *didadèkaké paran tutuhan*

تِلۡكَ أُمَّةٞ قَدۡ خَلَتۡۖ لَهَا مَا كَسَبَتۡ وَلَكُم مَّا كَسَبۡتُمۡۖ وَلَا تُسۡـَٔلُونَ عَمَّا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ١٤١

JUZ II

RUKU’ 17

Ka’bah minangka punjer

142, 143. Punjer énggal. 144. Ka’bah minangka masjid punjer utawi *qiblah.* 145. Para pandhèrèking Kitab sami boten sarujuk prakawis *qiblatipun* piyambak, 146, 147. Sumerepipun dhateng Kanjeng Nabi.

142 Wong-wong kang padha cubluk bakal padha calathu: Apa ta kang ngingeraké dhèwèké saka ing qiblaté[181] kang wis padha di-

سَيَقُولُ ٱلسُّفَهَآءُ مِنَ ٱلنَّاسِ مَا وَلَّىٰهُمۡ عَن قِبۡلَتِهِمُ ٱلَّتِي كَانُواْ عَلَيۡهَاۚ

180. Tembung pitakèn *am* punika asalipun namung mengku suraos: boten nayogyani. Upaminipun dhawuh ingkang kasebut ing 7: 195: “Apa padha duwé sikil kang kanggo mlaku, apa ta duwé tangan kanggo nyenyekel, apa ta duwé mripat kanggo andedeleng, apa ta duwé kuping kanggo ngrurungu?” Punika mangandikakaken brahala. Makaten ugi pitakèn ing ngriki, punika inggih namung asuraos melèhaken titiyang Yahudi tuwin titiyang Nasrani anggènipun sami gadhah panganggep, bilih boten wonten tiyang ingkang nama manut ing margi ingkang leres sanèsipun tiyang Yahudi utawi sanèsipun tiyang ingkang kumandel ing karahayon cara Nasrani, jalaran, luluhuripun para Yahudi lan para Nasrani wau piyambak sami sanès pandhèrèkipun ka-Yahudi-an utawi ka-Nasrani-an, kang mangka sami dados nabi. Déné agami Islam, punika sajatosipun wangsul dhateng agami tulus ingkang sajati, inggih punika agaminipun Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin pandhèrèkipun punapa déné tedhak turunipun ingkang caket.

181. *Qiblah* punika tegesipun *ener ingkang dipun adhepaken.* Kosokwangsulipun *dibrah*, jawinipun: *ener ingkang dipun ungkuraken* (LL). Miturut tegesipun ingkang asli, tembung wau namung nedahaken ener, sanès panggènan. Miturut istilahipun agami, tembung wau ateges ener ingkang dipun adhepaken nalika nindakaken salat. Éwah-éwahan kiblat ingkang kasebutaken ing ngriki, punika kelampahan ing nagari Madinah nalika watawis nembelas wulan sasampunipun Kanjeng Nabi Suci wonten ing nagari Makkah, wonten ing tengah-tengahipun para manembah brahala ing tanah Arab, panjenenganipun manawi sembahyang ngadhepaken padaleman suci ing Yerusalem, nanging sareng panjenenganipun rawuh ing Madinah, ingkang ing ngriku swasana Yahudi santosa lan kiyat sanget, panjenenganipun tampi wahyuning Pangéran, supados ngadhepaken dhateng Ka’bah minangka *qiblah*ipun. Ayat punika langkung khusus mangandikakaken titiyang Yahudi (I’Ab-Rz), déné ingkang dados jejering rembag, taksih nglajengaken punapa ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing kalih ruku’ ingkang sampun, jalaran, manawi dharah Kanjeng Nabi Ibrahim punika binarkahan wonten ing tedhak turunipun Kanjeng Nabi Isma’il, boten kénging boten ingkang kanggé *qiblah* énggal inggih kedah Padaleman Suci ingkang kasucènan déning Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin Kanjeng Nabi Isma’il, déné Padaleman Suci ing Yerusalem punika namung dados *qiblah*-ipun titiyang Bani Israil. Éwahing

قُلْ لِّلّٰهِ الْمَشْرِقُ وَالْمَغْرِبُ ۗ يَهْدِيْ مَنْ يَّشَاۤءُ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ﴿١٤٢﴾

enggoni? Calathua: Kagunganing
a. 160 Allah wétan lan kulon iku;[a]
Panjenengané anuntun sapa sing
dadi kaparenging karsa-Né marang
dalan kang bener.

وَكَذٰلِكَ جَعَلْنٰكُمْ اُمَّةً وَّسَطًا لِّتَكُوْنُوْا شُهَدَاۤءَ عَلَى النَّاسِ وَيَكُوْنَ الرَّسُوْلُ عَلَيْكُمْ شَهِيْدًا ۗ وَمَا جَعَلْنَا الْقِبْلَةَ الَّتِيْ كُنْتَ عَلَيْهَآ اِلَّا لِنَعْلَمَ

143 Lan kaya mangkono eng-
gon-Ingsun andadèkaké ing sira
Ut. *jejeg* dadi umat kang *pinunjul*,[182] supaya
sira padha dadi saksi marang para
manusa, sarta (supaya) Utusan iku
dadi saksi marang sira;[183] lan
enggon-Ingsun andadèkaké qiblat
marang kang sira sir bisaa dadi
qiblat[184] iku, ora liya kajaba supaya

---

kiblat punika mengku piweca ingkang cetha, bilih nagari Makkah badhé kabedhah déning titiyang Muslimin, jalaran papan ingkang kanggé nyembah brahala, boten mungguh sanget kanggé *qiblah*-ipun agami tauhid ingkang suci-murni. Bab bedhahipun Makkah, punika ugi kawengku ing dhawuh ingkang mungel: *Wétan lan kulon iku kagungané Allah*, sarta Allah nedahaken para Muslimin dhateng margi ingkang leres, punika inggih mengku ugi: nuntun para Muslimin dhateng margining kabegjan tuwin menang ingkang wekasan kaliyan mengsah-mengsahipun.

182. Tembungipun ingkang asli: *wasath*, ingkang tegesipun: *péranganipun satunggaling barang ingkang tengah*, awit saking punika, rèhning sampun boten kamrikanen lan boten kamrikènen, mila miturut LL ateges: *péranganipun satunggaling barang ingkang saé piyambak.* LL wau negesi tembung اُمَّةً وَّسَطًا *umat kang bener, adil lan becik*, inggih punika *umat ingkang boten kamrikanen lan boten kamrikènen.* Tembung wau ugi kénging dipun tegesi *ingkang saé piyambak*, jalaran panggènan ingkang tengah piyambak, punika namung kénging dipun enggèni satunggal, dados boten wonten ingkang nyamèni. Jarwan ingkang limrah-limrah: "umat kang tengah-tengah," punika boten mengku suraos ingkang leres. Para mufassirin nerangaken tembung *wasath* wau, *adil* tuwin *linangkung* (Rz, AH, Kf), teges punika cocog kaliyan suraosing dhawuh ing nginggil lan ing ngandhapipun. Ka'bah kadadosaken *qiblah* tumrap para Muslimin, punika kaparenging Pangéran wigatos angundhangaken bilih para Muslimin punika satunggaling umat, ingkang sampun kadongakaken déning Kanjeng Nabi Ibrahim (Ayat 128), dados para Muslimin punika umat ingkang maris sadaya barkahing Pangéran ingkang sampun kajanjèkaken badhé dipun paringaken dhateng tedhak turunipun Kanjeng Nabi Ibrahim.

183. Kateranganipun tembung *syahid* utawi *saksi* punika makaten: *Supaya sira nekakaké marang dhèwèké samubarang kang wis sira mangertèni saka wahyuning Pangéran lan agama kaya déné kang wis ditekakaké déning utusané Allah marang sira kaé* (AH, Rz), dados: *saksi*, punika para titiyang ingkang andhatengaken kawruh dhateng tiyang sanès, neksèni ing kayektènipun kawruh wau wonten ing badanipun piyambak; mila sawenèh mufassir lajeng negesi tembung wau *kang nucèkaké* (AH). Nanging tembung *syahid* punika ugi ateges *tiyang ingkang kathah kawruhipun, mila AsySyahid* punika ugi dados asmanipun Pangéran (LL), sarta ugi ateges *imam* utawi *panuntun.*

184. Rz nerangaken dhawuh كُنْتَ عَلَيْهَآ punika ateges *kang sira iku wus netepaké atinira supaya dadia qiblah-ira.* Dados cetha manawi Kanjeng Nabi punika kepéngin sanget Ka'bah dados *qiblah*-ipun; éwadéné panjenenganipun boten tumindak punapa-punapa, ngantos ing sasampunipun tampi wahyuning Pangéran. Saumpami wahyu ingkang kaampil déning Kanjeng Nabi punika tuwuh saking pépénginanipun Kanjeng Nabi piyambak, yekti panjenenganipun boten susah ndadak ngentosi wahyu saking Pangéran ngantos nembelas wulan laminipun tumrap éwahing *qiblah* wau.

Ut. *anguni-ngani*

Ut. *sembah-yang*

Ingsun *amilahaké*[185] sapa sing manut ing Utusan iku karo sapa sing ambalik marang tungkaké, lan iki sayekti abot, kajaba tumrap kang padha kaparingan tuntunan déning Allah; lan ora pisan Allah iku amusprakaké[186] *piandel*ira. Sayekti Allah iku marang manusa Welas, Mahaasih.

مَن يَتَّبِعُ ٱلرَّسُولَ مِمَّن يَنقَلِبُ عَلَىٰ عَقِبَيۡهِ ۚ
وَإِن كَانَتۡ لَكَبِيرَةً إِلَّا عَلَى ٱلَّذِينَ
هَدَى ٱللَّهُ ۗ وَمَا كَانَ ٱللَّهُ لِيُضِيعَ إِيمَٰنَكُمۡ ۚ
إِنَّ ٱللَّهَ بِٱلنَّاسِ لَرَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿١٤٣﴾

144 Temen Ingsun amriksani tumenganing rainira ing langit,[187] mulané Ingsun bakal andadèkaké ing sira dadi kang amurba qiblat kang dadi senengira; mulané angadhepna rainira ing penering Masjid Suci, lan sira anaa ing ngendi baé lah padha angadhepna rainira marang peneré, lan sayekti para kang wus kaparingan Kitab temen padha weruh, manawa iki barang yekti[188] kang saka ing Pangérané. Lan ora pisan Allah iku kasupèn marang sabarang kang padha dilakoni.

قَدۡ نَرَىٰ تَقَلُّبَ وَجۡهِكَ فِي ٱلسَّمَآءِ ۖ فَلَنُوَلِّيَنَّكَ
قِبۡلَةً تَرۡضَىٰهَا ۚ فَوَلِّ وَجۡهَكَ شَطۡرَ ٱلۡمَسۡجِدِ
ٱلۡحَرَامِ ۚ وَحَيۡثُ مَا كُنتُمۡ فَوَلُّواْ وُجُوهَكُمۡ
شَطۡرَهُۥ ۗ وَإِنَّ ٱلَّذِينَ أُوتُواْ ٱلۡكِتَٰبَ لَيَعۡلَمُونَ
أَنَّهُ ٱلۡحَقُّ مِن رَّبِّهِمۡ ۗ وَمَا ٱللَّهُ بِغَٰفِلٍ
عَمَّا يَعۡمَلُونَ ﴿١٤٤﴾

185. Tegesipun ingkang limrah, *na'lama* punika *supaya Ingsun nguningani.* Nanging kula tumut anggènipun negesi AH ing tembung wau: *supaya Ingsun amilahaké*, dénè tegesipun limrah kaserat ing margin, jalaran tembung *'ilmu* punika boten naté dipun raketi kaliyan tembung *min*, kajawi manawi dipun anggé ingkang kalayan mengku suraos *amilahaken* barang satunggal kaliyan satunggalipun. Teges ingkang kaserat ing margin wau mengku teges nguningani lalampahan, manawi lalampahan wau sampun kelampahan.

186. Déning sawenèh ngulami, tembung *îmân* ingkang tegesipun wantah *piandel* punika dipun werdèni: *sembahyang* (I'Ab-Bkh). Manawi nganggé tegesipun ingkang limrah, ingkang dipun karsakaken dhawuh wau inggih punika para mukmin boten mawi suwala malih lajeng ngèstokaken pindhahipun kiblat wau, dados, imanipun wonten wohipun, inggih punika ngreksa para mukmin wau tetep dumunung wonten ing margi ingkang leres.

187. Kanjeng Nabi tumenga ing langit, punika tegesipun ngajeng-ajeng paparingipun Allah pitedah ing bab prakawis *qiblah*. Ing Madinah bab prakawis *qiblah* punika nuwuhaken pakèwed, amargi manawi panjenenganipun majeng dhateng Yerusalem, panjenenganipun lajeng ngungkuraken Makkah, awit dunungipun Madinah punika wonten ing saantawisipun Makkah lan Yerusalem. Awit saking punika mila Kanjeng Nabi ngajeng-ajeng tumuruning wahyu, supados angsal pitedah ing bab prakawis punika.

188. Wonten hadits, Kanjeng Nabi mangandikakaken sariranipun piyambak punika "*dongané rama Ibrahim*." Para pandhèrèking Kitab sami mangertos, bilih Kanjeng Nabi Ibrahim nyuwun supados saking éwoning putra wayahipun Kanjeng Nabi Isma'il wontena ingkang jumeneng nabi, sarta malih ugi sami mangertos bilih Pangéran ugi paring janji badhé maringi barkah (katrangan angka 168). Padaleman Suci ingkang dipun sucèni déning astanipun Kanjeng Nabi Ibrahim piyambak, wonten ing panggènan nalika panjenenganipun nilar Kanjeng Nabi Isma'il, punika mesthinipun sampun dipun mangertosi déning titiyang Israil, manawi badhé dados punjering panyarempeng tuwin punjering badhé kamenanganipun nabi dharah Isma'il ingkang namung satunggal punika.

145 Lan sanajan ta sira awèh sarupaning tandha yekti marang para kang padha kaparingan Kitab, ora bakal padha manut qiblatira, lan iya ora bakal sira dadi pandhèrèking qiblaté, lan ora bakal kang sawenèh dadi pandhèrèking qiblaté kang sawenèhé;[189] lan saupama sira manut marang karep-karepé, ing sawisé kawruh tumeka marang sira, sayekti banjur sira dadi éwoning para kang atindak dudu.

وَلَئِنْ أَتَيْتَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ بِكُلِّ
آيَةٍ مَّا تَبِعُوا قِبْلَتَكَ ۚ وَمَا أَنتَ بِتَابِعٍ
قِبْلَتَهُمْ ۚ وَمَا بَعْضُهُم بِتَابِعٍ قِبْلَةَ بَعْضٍ ۚ
وَلَئِنِ اتَّبَعْتَ أَهْوَاءَهُم مِّن بَعْدِ مَا جَاءَكَ
مِنَ الْعِلْمِ ۙ إِنَّكَ إِذًا لَّمِنَ الظَّالِمِينَ ﴿١٤٥﴾

146 Para kang wus Ingsun paringi Kitab padha weruh marang dhèwèké kaya weruhé marang anak-anaké,[190] lan sayekti, temen kang sabagéan angumpetaké yakti, ing mangka padha weruh.

الَّذِينَ آتَيْنَاهُمُ الْكِتَابَ يَعْرِفُونَهُ كَمَا
يَعْرِفُونَ أَبْنَاءَهُمْ ۖ وَإِنَّ فَرِيقًا مِّنْهُمْ
لَيَكْتُمُونَ الْحَقَّ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿١٤٦﴾

147 Barang yakti iku saka Pangéranira, mulané aja sira padha dadi éwoning wong kang padha *mamadoni.*

Ut. *semang-semang*

الْحَقُّ مِن رَّبِّكَ ۖ فَلَا تَكُونَنَّ مِنَ الْمُمْتَرِينَ ﴿١٤٧﴾

RUKU' 18

Nalar-nalaripun déné Ka'bah dipun dadosaken punjeripun Muslimin

148-150. Punjer punika perlu. 151, 152. Padaleman ingkang kasucèkaken déning Kanjeng Nabi Ibrahim kadadosaken punjer tumrap Utusan, ingkang rawuh, minangka wahananipun teteping janji dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim.

---

189. Nadyan para tiyang Yahudi tuwin titiyang Nasrani sami panganggepipun dhateng padaleman suci ing Yerusalem, inggih punika anggep punjer, suprandéné ingatasipun dados *qiblah*, para titiyang wau béda-béda panganggepipun, awit para Nasrani sami ngéblat dhateng wétan (Muir). Langkung-langkung malih titiyang Yahudi lan titiyang bangsa Samaria sulaya ing panganggep, sanajan kakalihipun wau sami déné andhèrèk saréngat Musa.

190. Ingkang sampun-sampun sadaya nabi-nabi dharah Ibrahim ingkang sampun sami rawuh, punika saking antawisipun bangsa Bani Israil, milanipun *kaya weruhé marang anak-anaké*, punika tegesipun sami kaliyan *kaya weruhé marang nabi-nabi Bani Israil*. Déné tegesipun dhawuh punika makaten: titiyang Israil utawi titiyang Yahudi, punika mangertosipun dhateng Kanjeng Nabi, ingkang rawuh wonten ing tengah-tengahipun Bani Isma'il kados déné mangertosipun dhateng nabi-nabi ingkang rawuh wonten ing antawisipun Bani Israil. Sumerepipun ingkang makaten wau, jalaran sapisan, barkahing Pangéran, punika anggènipun kajanjèkaken pancèn dhateng putranipun Kanjeng Nabi Ibrahim kakalih sadaya; kaping kalihipun, piwecanipun Kanjeng Nabi Musa kalayan cetha

148 Lan siji-sijining wong duwé adhep kang ener; mulané padha gancang-gancangana marang (panggawé) becik; sira, padha anaa ing ngendi baé, Allah bakal angimpun ing sira kabèh. Sayekti Allah Iku marang samubarang kawasa.[191]

وَلِكُلٍّ وِجْهَةٌ هُوَ مُوَلِّيهَا فَاسْتَبِقُوا الْخَيْرَاتِ ۚ أَيْنَ مَا تَكُونُوا يَأْتِ بِكُمُ اللَّهُ جَمِيعًا ۚ إِنَّ اللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٤٨﴾

---

sampun amecakaken bilih satunggaling nabi ingkang kados *panjenenganipun* badhé dipun jumenengaken wonten ing antawising kadangipun titiyang Israil, inggih punika tiyang Isma’il; kaping tiganipun, jalaran boten wonten nabi satunggal kémawon, ingkang rawuh wonten ing tengah-tengahipun titiyang Israil, ingkang nocogi kateranganipun piweca wau.

191. Tegesipun: kaparenging karsanipun Pangéran sadaya tiyang Muslimin punika badhé dipun dadosaken umat satunggal. Awit saking punika, Panjenenganipun andhawuhaken supados sadaya kémawon sami ngajengaken ener satunggal, anggayuh tuju satunggal tuwin angéblat punjer satunggal ingkang dipun adhepaken sanajan wontena ing pundi kémawon. Nyatunggalaken *qiblah* tumrap para Muslimin, punika sajatosipun ateges *nyatunggalaken sedya*, kados déné umat satunggal ingkang nuju dhateng gagayuhan satunggal, tuwin dados dhadhasaring pasadhèrèkan Islam. Mila Kanjeng Nabi dhawuh *Aja ngarani wong kafir marang wong kang manut marang qiblah-mu.* Nanging pinanggihipun ing jaman sapunika, piwulang ingkang adiluhung wau tumrap para Muslimin prasasat sampun ical.

Dados, sababipun ingkang baku mila sadaya para Muslimin katamtokaken ngéblat dhateng *qiblah* satunggal, sanajan wontena ing pundi kémawon, punika ingkang supados dados tandha ingkang satmata ingatasing manunggilipun sedya. Déné sababipun mila Ka’bah ingkang kadadosaken punjer, punika katerangaken wonten ing ayat 151 (mirsanana katrangan angka 193). Perlu katerangaken pisan bilih Ka’bah punika boten naté kaanggep kasinungan sifating Pangéran déning tiyang Muslimin lan inggih boten naté dipun susuwuni utawi dipun sembah-sembah. Milanipun, pamanggihipun ingkang anèh sawenèh pengarang Nasrani ingkang mastani bilih Ka’bah kadadosaken punjer punika tilaran agami mangéran kathah utawi panembah brahala Arab sadèrèngipun jaman Islam, punika boten perlu kagapé. Dalasan titiyang musyrik Arab inggih boten naté nembah Ka’bah wau, sanadyan inggih sami masang brahala wonten ing ngriku kanggé sesembahan. Kapèngetana ugi bilih séla cemeng ingkang misuwur punika sanès salah satunggaling brahala Arab, makaten ugi nucup séla cemeng ing nalika nindakaken ngibadah haji, punika inggih boten kénging kaanggep tilaran panembah brahala. Séla wau namung dados pangènget-ènget: “Watu kang tinampik déning para juru-gawé omah, iya iku kang wus dadi uger-ugering padon” (Zabur 118: 22). Kanjeng Nabi Isma’il punika kaanggep tinampik, sarta janjining Pangéran punika kaanggep namung tumrap dhateng turun Kanjeng Nabi Ishaq utawi turun Isma’il; suprandéné ingkang badhé dados “uger-ugering padon,” punika inggih séla wau; déné ingkang minangka pangènget-ènget: séla cemeng wau wonten ing Ka’bah, inggih punika ing panggènanipun Kanjeng Nabi Isma’il. Séla cemeng wau boten winangun, dados séla wau séla “ingkang amlesat saking redi tanpa tinandangan ing tangan” (Daniél 2: 45). Bab punika dipun cethakaken déning Kanjeng Nabi ‘Isa wonten ing pangandikanipun ingkang adhapur pasemon “tiyang amongtani,” wigatos mangandikani para titiyang Bani Israil, bilih pakebonan anggur (inggih punika karatoning Allah) badhé pinundhut saking para titiyang wau saha lajeng kaparingaken dhateng “tiyang amongtani *sanèsipun*,” inggih punika dhateng umat sanèsipun bangsa Bani Israil; sambeting pangandika nerangaken umat wau makaten “Sajroning Kitab apa kowé durung padha maca kang surasané mangkéné: Watu kang tinampik déning para juru-gawé omah, iya iku kang wus dadi uger-ugering padon” (Mattéus 21: 42). Malih, panjenenganipun ngantebaken ingkang dipun karsakaken, makaten: “Karatoning Allah bakal pinundhut saka ing kowé, banjur kaparingaké marang sawijining bangsa kang ngetokaké wohé” (Mattéus 21: 42). Dados punika anedahaken bilih ingkang dipun karsakaken punika mangandikakaken umat ingkang tinampik wau. Mila awit saking punika, manawi séla cemeng wau dipun cucup, punika boten kok kacucup margi punika brahala utawi Pangéran (sesembahan), nanging margi punika pangènget-ènget bab tinampikipun umat ingkang badhé dados uger-ugering padon wonten ing karatoning Pangéran.

149 Lan saka ing ngendi baé metunira, lah ngadhepna rainira marang prenahing Masjid Suci; lan sayekti, temen-temen, iki barang yakti saka ing Pangéranira, lan ora pisan Allah iku kasupèn marang sabarang kang padha sira lakoni.

وَمِنْ حَيْثُ خَرَجْتَ فَوَلِّ وَجْهَكَ شَطْرَ
الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۖ وَإِنَّهُ لَلْحَقُّ مِنْ رَبِّكَ ۗ
وَمَا اللَّهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُونَ ﴿١٤٩﴾

150 Lan saka ing ngendi baé metunira, lah ngadhepna rainira marang penering Masjid Suci; lan sira anaa ing ngendi baé, lah padha angadhepna rainira marang peneré, supaya aja ana manusa padha duwé bukti amilawani ing sira, kajaba sawenèhé, kang padha atindak dudu; mula aja sira wedi ing dhèwèké, lan wedia ing Ingsun, lan supaya Ingsun angganepaké nugraha-Ningsun marang sira lan darapon sira padha ana ing dalan bener.[192]

وَمِنْ حَيْثُ خَرَجْتَ فَوَلِّ وَجْهَكَ
شَطْرَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۚ وَحَيْثُ مَا كُنْتُمْ
فَوَلُّوا وُجُوهَكُمْ شَطْرَهُ لِئَلَّا يَكُونَ لِلنَّاسِ
عَلَيْكُمْ حُجَّةٌ إِلَّا الَّذِينَ ظَلَمُوا مِنْهُمْ
فَلَا تَخْشَوْهُمْ وَاخْشَوْنِي وَلِأُتِمَّ نِعْمَتِي
عَلَيْكُمْ وَلَعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ ﴿١٥٠﴾

151 Kaya anggon-Ingsun wis angutus utusan unusanira marang sira, kang andhawuhaké timbalan-timbalan-Ingsun marang sira lan nucèkaké sira sarta mulangaké Kitab lan kawicaksanan marang sira tuwin amulangaké marang sira barang kang sira padha durung weruh.[193]

كَمَا أَرْسَلْنَا فِيكُمْ رَسُولًا مِنْكُمْ يَتْلُو عَلَيْكُمْ
آيَاتِنَا وَيُزَكِّيكُمْ وَيُعَلِّمُكُمُ الْكِتَابَ وَالْحِكْمَةَ
وَيُعَلِّمُكُمْ مَا لَمْ تَكُونُوا تَعْلَمُونَ ﴿١٥١﴾

192. Anjangkepaken nugraha, punika ingkang dipun karsakaken nuhoni wahananing sadaya janji-janji badhé ambarkahi para turun Isma'il. Saumpami *qiblah*-ipun Kanjeng Nabi punika sanès Ka'bah, yekti punika lajeng dados bukti ingkang lumawan dhateng panjenenganipun, jalaran manawi makaten, piweca wau ing sabagéan nama dèrèng kalaksanan. Wangsul sareng piweca tuwin janji-janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim punika dipun tuhoni sadaya, lajeng sampun boten wonten malih ingkang mabeni, kajawi namung para ingkang sami atindak dédé.

193. Sasambetanipun kaliyan ayat ingkang sampun, sampun cetha, inggih punika *Supaya Ingsun angganepaké nugraha-Ningsun marang sira, kaya anggon-Ingsun wus angutus Utusan-unusanira marang sira*. Ingkang dipun karsakaken inggih punika panyuwunipun Kanjeng Nabi Ibrahim ing ayat 129, ingkang kalaksananipun inggih punika kautusipun Kanjeng Nabi; jalaran inggih Kanjeng Nabi Ibrahim punika ingkang kadhawuhaken nucèni Padaleman Suci ing Makkah ingkang muhung kanggé manembah Allah, supados dados punjer ingkang dipun adhepaken déning kawula-Nipun ingkang sajati tuwin setya-tuhu bektinipun. Kacundhukna kaliyan dhawuhing ayat 129, ing bab pakaryanipun nabi ingkang kajanjèkaken wau ingkang suraosipun sami plek kaliyan ingkang kasebut ing ayat ngriki.

152 Mulané padha élinga marang Ingsun, Ingsun bakal éling ing sira lan padha atura panuwun marang Ingsun lan aja padha ora weruh ing panarima marang Ingsun.[194]

فَاذْكُرُونِيٓ أَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوا لِي وَلَا تَكْفُرُونِ ﴿١٥٢﴾

RUKU’ 19

Cobi ageng punika perlu kanggé anetepaken punjer punika

153, 154. Supados sedya punika kelampahan, para angèstu (mukmin) kedah sami sabar sarta ngurbanaken gesangipun. 155-157. Para angèstu dipun pituturi supados sami teguh kénging cobi. 158. Contonipun sabar dipun ganjar. 159-162. Wusananipun tiyang ingkang ngumpet yakti. 163. Sedya ingkang ageng, inggih punika: anetepaken Mahatunggalipun Gusti Allah.

153 É, sira kang padha angèstu! Padha nyuwuna pitulung kalawan sabar lan salat; sayekti Allah iku anyartani para kang padha sabar.[195]

يَٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اسْتَعِينُوا بِالصَّبْرِ وَالصَّلَوٰةِ ۚ إِنَّ اللَّهَ مَعَ الصَّٰبِرِينَ ﴿١٥٣﴾

154 Lan aja padha ngarani kang padha mati ing dadalaning Allah[196]

وَلَا تَقُولُوا لِمَنْ يُقْتَلُ فِي سَبِيلِ اللَّهِ

---

194. Manusa ènget dhateng Allah, punika lumampah kanthi dhédhépé wonten ing margi-Nipun, déné Allah ènget dhateng manusa, punika anjawahaken nugraha-Nipun dhateng manusa wau (IJ). Nanging rèhning *dhikr* punika ugi ateges: *kaluhuran* (LL), mila kénging dipun tegesi: *mulané padha élinga marang Ingsun utawa mahaluhurna ing Ingsun; Ingsun mesthi bakal andadèkaké sira kabèh dadi luhur.*

195. Masjid Suci ing Makkah punika wonten ing tanganipun para manembah brahala, dados manawi punika kadadosaken kiblatipun para Muslimin, punika tétéla manawi mengku janji bilih Masjid Suci wau tumunten badhé dados gadhahanipun, tur sinucèkaken saking panembah brahala. Ananging sagedipun kagayuh sedya ingkang ageng punika, para Muslimin kedah nyuwun pitulungipun Pangéran, ingkang mesthi badhé dipun paringaken manawi sami kiyat nandhang cobi kalayan tatag, tuwin manawi sami nyunyuwun sarana salat dhateng Allah.

196. Dhawuh punika nyasmitakaken bilih nglabuhi margining yakti, punika mesthi mawi ngurbanaken nyawa punapa. Tembung في سبيل الله punika asring kasebut ing Quran Suci, tegesipun wantah: *ana ing dadalané Allah* utawi *ana ing karanané Allah.* Kosokwangsulipun punika kasebutaken mawi tembung: في سبيل الطاغوت ingkang jawinipun *ana ing dadalané sétan,* utawi *ana ing karanané sétan*, inggih punika mangandikakaken perangipun para mengsahing Islam (4: 76). Dados tetembungan warni kalih wau, ingkang satunggal gadhah suraos *karana ambélani yakti* tuwin satunggalipun *karana ambélani panggorohan.* Punapa prakawisipun para Muslimin punika pranyata prakawisipun yakti, leres, tuwin kaadilan, punapa para Muslimin punika kepeksa perang karana rumeksa ing yakti, sarta punapa anggènipun peperangan punika perlu ngrudha-peksa para kafir supados manjing Islam, punika sadaya pitakènan sanès malih, ingkang sampun karembag wonten ing panggènan sanès-sanèsipun. Déné ing ngriki kula namung saged ngaturi ancer-ancer, bilih Quran marambah-rambah anerangaken manawi para Muslimin punika kepeksa nganggé dadamelipun karana anglabuhi yakti tuwin kaadilan saha karana rumeksa dhiri, manawi sampun boten wonten margi utawi

iku padha mati; ora, padha urip, ananging sira padha ora sumurup.[197]

أَمْوَاتٌ ۚ بَلْ أَحْيَاءٌ وَلَٰكِن لَّا تَشْعُرُونَ ﴿١٥٤﴾

155 Lan sayekti Ingsun temen bakal anyoba ing sira kalawan apa-apa, kayata wedi, lan luwé sarta kailangan bandha tuwin nyawa apa déné wowohan; lan awèha warta bubungah marang kang padha sabar,

وَلَنَبْلُوَنَّكُم بِشَيْءٍ مِّنَ الْخَوْفِ وَالْجُوعِ
وَنَقْصٍ مِّنَ الْأَمْوَالِ وَالْأَنفُسِ وَالثَّمَرَاتِ ۗ
وَبَشِّرِ الصَّابِرِينَ ﴿١٥٥﴾

156 Kang, nalikané babaya ani-bani, padha calathu: Sayekti aku iki kagungané Allah lan sayekti marang Panjenengané bakal padha balik.[198]

الَّذِينَ إِذَا أَصَابَتْهُم مُّصِيبَةٌ قَالُوا إِنَّا
لِلَّهِ وَإِنَّا إِلَيْهِ رَاجِعُونَ ﴿١٥٦﴾

157 Yaiku kang padha kalunturan pamarta lan wilasa saka ing Pangérané, lan yaiku kang padha ngambah dalan bener.

أُولَٰئِكَ عَلَيْهِمْ صَلَوَاتٌ مِّن رَّبِّهِمْ وَرَحْمَةٌ ۖ
وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْمُهْتَدُونَ ﴿١٥٧﴾

Ar. *tandha-tandhaning*

158 Sayekti, Shafa lan Marwah iku kalebu *tandha-tandha kang katetepaké déning* Allah;[199] mulané

إِنَّ الصَّفَا وَالْمَرْوَةَ مِن شَعَائِرِ اللَّهِ ۖ فَمَنْ

lampah sanèsipun malih. Katranganipun tuwan Sale bilih tembung *fî sabîlillâh* mesthi "ateges merangi titiyang kafir perlu anjembaraken sumiyaripun agami Islam," punika katrangan ingkang mengku raos panggething, tur katrangan wau cetha manawi cengkah kaliyan dhawuhipun Quran piyambak, ingkang andhawuhaken: "ora ana peksan ing dalem agami" (ayat 256).

197. Tiyang ingkang ngurbanaken gesangipun kanggé nglabuhi yakti boten saged pejah, punika nyata tur sampun umum dipun akeni. Yakti punika gesang, déné panggorohan mesthi pejah. Yèn makaten tiyang ingkang migunakaken gesangipun namung badhé kanggé makarya murih menangipun yakti, punika inggih boten badhé pejah, sanajan dipun pejahi wonten ing margining yakti. Prayogi dipun terangaken bilih tembung *maut* (pejah) tuwin *hayah* (gesang), punika dipun anggé kanggé nembungaken *susah* utawi *prihatos* tuwin *sepen saking kasusahan* utawi *saking prihatos* (Rgh), dados, tiyang ingkang sampun ngrampungi damel ingkang katuju ing gesangipun, punika *mesthi boten badhé kataman ing kasusahan.* Lan inggih makaten punika gambaripun kawontenan rahayu ingkang asring kawarsitakaken wonten ing dalem Quran Suci. Utawi, tiyang ingkang ngurbanaken gesangipun wonten ing margining yakti, punika badhé angsal gesang langgeng, déné "pejah" punika tiyang ingkang pejah wonten ing salebeting kabodhoan.

198. Punika gambaring sumarahipun tiyang Islam sajati salebetipun nandhang cobi: *Tekaku saka ngarsané Allah, lan iya Allah kang daktuju.* Awit saking punika boten wonten cobi utawi kacilakan ingkang saged ngéwahi enering gesang kula sami, inggih gesang kula ingkang mawa sedya ingkang langkung luhur katimbang lan manggung ing kasenengan. Tetembungan punika kaucapaken déning tiyang Islam manawi kataman ing kacilakan. Nandhang punapa kémawon, manahipun boten pegat tansah tentrem.

199. Shafa lan Marwah punika namanipun punthuk kakalih ing sacelakipun Makkah. Ing ngriku punika panggènanipun nalika Siti Hajar lumajeng wira-wiri ngupados toya, nalika panjenenganipun

حَجَّ الْبَيْتَ اَوِ اعْتَمَرَ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِ اَنْ يَّطَّوَّفَ بِهِمَا ۗ وَمَنْ تَطَوَّعَ خَيْرًا ۙ فَاِنَّ اللّٰهَ شَاكِرٌ عَلِيْمٌ ﴿١٥٨﴾

sing sapa anglakoni haji ing Pada-
a. 248 leman(-ing Allah) utawa aniliki[a]
(iki), ora cacad ingatasé dhèwèké yèn ta amider-midera ing sakaroné; lan sing sapa anglakoni kabecikan tuwuh saka atiné dhéwé, lah sayekti Allah iku Kang-aluber-wawalesé, Angudanèni.[200]

اِنَّ الَّذِيْنَ يَكْتُمُوْنَ مَآ اَنْزَلْنَا مِنَ الْبَيِّنٰتِ وَالْهُدٰى مِنْۢ بَعْدِ مَا بَيَّنّٰهُ لِلنَّاسِ فِى الْكِتٰبِ ۙ اُولٰۤىِٕكَ يَلْعَنُهُمُ اللّٰهُ وَيَلْعَنُهُمُ اللّٰعِنُوْنَ ﴿١٥٩﴾

159 Sayekti sapa sing padha angumpetaké tandha-tandha yekti sarta tuntunan kang wus Ingsun turunaké, ing sawisé iku Ingsun jalèntrèhaké ing sajroning Kitab tumrap marang manusa, iki Allah bakal ambendoni, lan para sing padha ambendoni iya bakal padha ambendoni dhèwèké,[201]

kaliyan Kanjeng Nabi Isma'il tinilar anggana wonten ing ara-ara samun. Awit saking punika, punthuk kakalih tilas panggènan nalika panjenenganipun nandhang rekaos wau, ing sapunikanipun kadamel tandha pangènget-ènget ganjaraning kasabaran; sarta inggih kanggé mèngeti kasabaranipun Siti Hajar wau, déné ing sapunika punthuk kakalih wau dipun ideri déning para titiyang ingkang sami jiyarah haji. Kawontenan punika saged anggamblangaken sasambetanipun ayat punika kaliyan ayat ingkang sampun-sampun.

200. Ing nalika jaman jahiliyyah ing Shafa wonten brahalanipun ingkang dipun namakaken Usaf, tuwin ing Marwah inggih wonten, ingkang dipun namakaken Nailah; para ingkang sami sujarah mriku sami nyénggol brahala wau kalayan hurmat. Awit saking punika titiyang Islam sami suthik ngideri antawisipun punthuk kakalih wau (IJ). Miturut Bkh, titiyang ing Madinah sami boten purun ngideri redi Shafa lan Marwah, nanging punapa sababipun boten kasebutaken.

201. Punapa tegesipun tembung *la'nat* utawi *bebendu* punika, kula aturi mirsani katrangan angka 131. "Wong kang padha ngla'nati" tuwin la'natipun "Allah lan para malaikat lan para manusa" ing ayat 161, punika ingkang dipun karsakaken wewelak ingkang sampun kawecakaken déning Kanjeng Nabi Musa badhé namani ing titiyang Bani Israil: "Balik, manawa kowé ora angèstokaké dhawuhé Yéhuwah Allahmu, ora anggatèkaké nglakoni apa sapapakoné lan pranatané, kang dakparéntahaké marang kowé ing samengko, amesthi kowé katekan sarta kakeroban sakèhé wewelak mangkéné iki: Kena ing la'nat kowé ana ing jeron nagara, lan kena ing la'nat kowé ana ing jaban nagara. Kena ing la'nat wakulmu lan wadhahé jaladrenmu, kena ing la'nat wohing wetengmu, lan wohing bumimu, tangkar-tumangkaring sapimu tuwin papanthané wedhusmu, kena ing la'nat anggonmu lumebu, kena ing la'nat anggonmu metu" (Pangandharing Torèt 28: 15-19). Sasampunipun nyebutaken satunggal-satunggal la'nating Pangéran, anggènipun Pangéran andhawahaken dhateng para titiyang wau "la'nat lan karusakan tuwin bebendu", anggènipun Pangéran damel pageblug ingkang "ngelud" dhateng para titiyang wau, anggènipun Pangéran angganjar para titiyang wau kalayan "lara cekèk lan panastis, kalawan lara nguntar-untar lan kumramyas, kalawan amalodhoh sarta ebun upas, kang bakal angelud marang kowé kongsi tumeka satumpesmu ….. kalawan korèng kaya sinandhang déning wong Mesir …… kalawan lara édan ….. picak", lajeng mangandikakaken la'nating manusa makaten: "Metu dalan siji anggonmu anglurugi, metu dalan pipitu anggonmu keplayu saka ing ngarepané" "mung tansah ditindhes lan rinayahan sadina-dina" "kowé papacangan karo wong wadon, wong liya kang nuroni, kowé gawé omah, nanging ora koenggoni" "anakmu lanang lan wadon padha koulungaké marang bangsa liyan …… wohing bumimu lan pametuné sakangèlanmu kabèh dipangan déning sawijining bangsa, kang

Ut. angeblakaké

160 Kajaba kang padha tobat lan ambecikaké kalakuané sarta *anjalèntrèhaké* (yekti); lah iya marang iki Ingsun bali (paramarta-Ningsun), lan Ingsun iki Kang-tansah-bola-bali paramarta-Né, Kang-Mahaasih.

إِلَّا الَّذِينَ تَابُوا وَأَصْلَحُوا وَبَيَّنُوا فَأُولَٰئِكَ
أَتُوبُ عَلَيْهِمْ ۚ وَأَنَا التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ﴿١٦٠﴾

161 Sayekti, sapa sing padha kafir lan padha mati kang sarta isih padha kafir, iki kang katiban bebenduning Allah lan para malaikat tuwin para manusa kabèh:

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَمَاتُوا وَهُمْ كُفَّارٌ أُولَٰئِكَ
عَلَيْهِمْ لَعْنَةُ اللَّهِ وَالْمَلَائِكَةِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِينَ ﴿١٦١﴾

162 Padha tetep ana ing kono, ora padha diènthèngaké siksané lan ora padha disumenèkaké.

خَالِدِينَ فِيهَا ۖ لَا يُخَفَّفُ عَنْهُمُ الْعَذَابُ
وَلَا هُمْ يُنْظَرُونَ ﴿١٦٢﴾

163 Lan Sesembahanira iku Sesembahan Mahatunggal! Ora ana sesembahan kajaba Panjenengané, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.[202]

وَإِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ ۖ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ الرَّحْمَٰنُ الرَّحِيمُ ﴿١٦٣﴾

RUKU' 20

Kasawijèn punika wekasanipun mesthi unggul

164. Mahatunggalipun Allah kawedhar wonten ing dumadi. 165-167. Papasthènipun tiyang ingkang anjèjèraken sisihan dhateng Allah.

164 Sayekti ing dalem dumadiné langit-langit lan bumi, lan (ing dalem) gilir-gumantiné wengi lan rina, sarta (ing dalem) prau kang lumaku ing sagara angemot barang kang migunani marang manusa, tuwin (ing dalem) barang kang katurunaké déning Allah saka

إِنَّ فِي خَلْقِ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَاخْتِلَافِ
اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَالْفُلْكِ الَّتِي تَجْرِي فِي
الْبَحْرِ بِمَا يَنْفَعُ النَّاسَ وَمَا أَنْزَلَ اللَّهُ

mauné durung kosumurupi, sarta kowé mung tansah kakanihaya lan kaplened sadina-dina" (Pangandharing Torèt 28: 20-68).

202. Kalimah ingkang mengku gogondhèlaning iman ing Mahatunggalipun Pangéran kasebutaken ing ngriki, ing ayat wekasaning ruku', punika kanggé anedahaken bilih punika sedya ingkang luhur piyambak tumrap para Muslimin; déné menangipun ingkang wekasan, katerangaken langkung cetha malih wonten ing ruku' sambetipun. Inggih karana sedya punika, nandhang cobi tuwin kikirangan ingkang kapangandikakaken ing ruku' punika.

ing mendhung arupa banyu (kang) banjur didamel anguripaké bumi sawisé matiné, sarta anyebar sarupaning gegremet ana ing kono, apa déné (ing dalem) owah-owahing angin, tuwin (ing dalem) méga kang didamel ambangun turut saantarané langit lan bumi, iku temen tandha-tandha yekti tumrap wong kang padha mangerti.[203]

مِنَ السَّمَآءِ مِنْ مَّآءٍ فَاَحْيَا بِهِ الْاَرْضَ
بَعْدَ مَوْتِهَا وَبَثَّ فِيْهَا مِنْ كُلِّ دَآبَّةٍ
وَّتَصْرِيْفِ الرِّيٰحِ وَالسَّحَابِ الْمُسَخَّرِ بَيْنَ
السَّمَآءِ وَالْاَرْضِ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّعْقِلُوْنَ ﴿١٦٤﴾

165 Lan sawenèhing manusa ana kang angalap minangka sisihan-sisihan(-ing Allah),[204] dudu Allah – padha ditresnani kaya *kuduné tresnané marang Allah* – déné para kang angèstu, tresnané maring Allah luwih abanget[205] – lan, O, yèn ta para kang atindak dudu padha weruha nalikané andeleng siksa, yèn pangawasa iku kabèh kagunganing Allah, lan yèn Allah iku abanget ing siksa (wawalesing tindak ala).

Ar. *tresnané marang Allah*

وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَّتَّخِذُ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ
اَنْدَادًا يُّحِبُّوْنَهُمْ كَحُبِّ اللّٰهِ ؕ وَالَّذِيْنَ
اٰمَنُوْٓا اَشَدُّ حُبًّا لِّلّٰهِ ؕ وَلَوْ يَرَى الَّذِيْنَ
ظَلَمُوْٓا اِذْ يَرَوْنَ الْعَذَابَ ۙ اَنَّ الْقُوَّةَ لِلّٰهِ
جَمِيْعًا ۙ وَّاَنَّ اللّٰهَ شَدِيْدُ الْعَذَابِ ﴿١٦٥﴾

---

203. Mahatunggalipun Allah punika sampun gumelar wonten ing sagung dumados, sarta rèhning I'tiqad (pangandel) punika ngantos samanten cethanipun, mila sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi ing wasananipun mesthi menang kaliyan panembah brahala tuwin sawarnining kamusyrikan (mangéran kathah). Kayektènipun bab punika boten namung kasaksèn ing tanah Arab sèwu tigang atus taun kapengker kémawon, nanging dalasan ing sapunika ugi, kula sami saged nyipati piyambak, sok tiyanga ingkang boten karumiyinan emoh mesthi ngakeni ing kayektèning Mahatunggalipun Pangéran. Runtuting kawontenan ingkang gumelar wonten ing sagung dumados punika, wonten ing dalem Quran tansah kapangandikakaken dados tandha yekti ing Kasawijènipun Pangéran Ingkang-Nitahaken.

204. Brahala, punika ugi kalebet sesembahan ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat punika. Éwadéné terang ingkang dipun karsakaken punika para panuntun ingkang sami nuntun dhateng awon para ingkang sami manut piyambakipun. Bab punika kapangandikakaken kalayan langkung cetha malih wonten ing ayat-ayat candhakipun; ing ngriku kapangandikakaken bilih "para dienut" inggih punika *para panuntun*, sami nyélaki ing tiyang ingkang sami manut dhateng piyambakipun.

205. Tresna tuwin asihipun Allah dhateng titah-Ipun, punika marambah-rambah tansah kagelaraken wonten ing Quran Suci. Tresnanipun manusa dhateng Allah, inggih punika tatalesing Islam ingkang sajati, utawi sumarah ingkang ambabar pisani dhateng Pangéran, punika kadhawuhaken wonten ing ayat ngriki, langkung kiyat katimbang lan tatangsuling katresnan tuwin mimitran sanès-sanèsipun, kalebet ugi tatangsul ingkang ngiket manusa kaliyan brahalanipun utawi sesembahan palsu sanès-sanèsipun. Dhawuh punika anggorohaken pandakwa bilih agami Islam punika boten adhadhasar tresna ing Pangéran.

166 Nalikané para kang dienut anyélaki marang kang padha manut, sarta padha andheleng siksané, tuwin sasambungané pedhot.

إِذْ تَبَرَّأَ الَّذِينَ اتُّبِعُوا مِنَ الَّذِينَ اتَّبَعُوا
وَرَأَوُا الْعَذَابَ وَتَقَطَّعَتْ بِهِمُ الْأَسْبَابُ ﴿١٦٦﴾

167 Lan para kang manut acalathu: Yèn ta aku iki padha kaparenga bali, amasthi banjur padha daksélaki kaya anggoné anyélaki marang aku. Kang iku Allah arsa anedahaké panggawé-panggawéné kang anedahaké banget piduwung marang awaké, lan ora pisan bakal padha metu saka ing geni.[206]

وَقَالَ الَّذِينَ اتَّبَعُوا لَوْ أَنَّ لَنَا كَرَّةً فَنَتَبَرَّأَ
مِنْهُمْ كَمَا تَبَرَّءُوا مِنَّا ۗ كَذَٰلِكَ يُرِيهِمُ اللَّهُ
أَعْمَالَهُمْ حَسَرَاتٍ عَلَيْهِمْ ۖ وَمَا هُمْ بِخَارِجِينَ
مِنَ النَّارِ ﴿١٦٧﴾

RUKU' 21

Angger-angger kina kaéwahan sawatawis: Tetedhan awisan

168-171. Dhawuh nedha tetedhan ingkang saé sarta ingkang angsalipun kaiden. 172, 173. Tetedhan awisan tumrapipun titiyang Islam. 174-176. Pamenging anglirwakaken dhawuh tatananing budi pakarti, ingkang saminipun nedha latu.

168 É, para manusa! padha mangana barang kang ana ing bumi, kang kaiden, kang apik, lan aja manut dadalaning sétan; sayekti dhèwèké iku tumrapé sira mungsuh kang tétéla.[207]

يَا أَيُّهَا النَّاسُ كُلُوا مِمَّا فِي الْأَرْضِ حَلَالًا
طَيِّبًا وَلَا تَتَّبِعُوا خُطُوَاتِ الشَّيْطَانِ ۚ
إِنَّهُ لَكُمْ عَدُوٌّ مُبِينٌ ﴿١٦٨﴾

---

206. Anggènipun para panuntun tuwin para ingkang dipun tuntun sami sélak-sinélakan, punika tarkadhang sok kelampahan wonten ing gesang sapunika. Nalika sadaya tiyang Yahudi kakéndhangaken utawi kapatrapan pidana margi saking anggènipun sekuthon kaliyan mengsah-mengsahipun para Muslimin, para Yahudi umumipun mesthi sami kaduwung déné sami manut miturut dhateng panuntunipun kalayan mutatuli mengsahi Kanjeng Nabi.

Kapèngetana ugi bilih *piduwung ingkang sakalangkung sanget* dhateng pandamel awon ingkang sampun katindakaken, punika wonten ing ngriki katerangaken dados *latu* ingkang boten kénging dipun oncati.

207. Sasampunipun marsitakaken kanthi panjang bab tatales dhadhasaring iman, inggih punika Mahatunggalipun Pangéran, sapunika gentos marsitakaken sawenèh pranatan tuwin tatanan ingkang dhumawah angka kalih, kawiwitan nerangaken bab tetedhan awisan, kalayan mengku sedya warni kalih. Sapisan, andhawuhaken bilih ngemungaken barang-barang kaiden (halal) tuwin ingkang saé kémawon, ingkang kénging katedha. Déné ingkang nama barang-barang ingkang kaidèn, punika boten namung barang-barang ingkang manawi miturut hukum boten dipun awisi, nanging sanajan barang-barang ingkang boten kaawisan pisan, inggih kados barang awisan, manawi angsalipun punika sarana lampah awisan, kadosta sarana lampah mandhung, nyolong, ngapusi, ambeseli lan sapiturutipun. Titiyang Israil perlu sanget dipun èngetaken bab punika, awit nadyan para titiyang wau sami nengenaken sanget dhateng upacara-upacaraning agami, nanging dhateng kasucianing roh babar pisan

169 Dhèwèké iku mung ngajani sira ing ala sarta nistha tuwin supaya sira padha muni-muni marang Allah prakara sing sira padha ora weruh.

إِنَّمَا يَأْمُرُكُمْ بِالسُّوْٓءِ وَالْفَحْشَآءِ وَأَنْ
تَقُوْلُوْا عَلَى اللّٰهِ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ﴿١٦٩﴾

170 Lan nalikané dikandhani: Padha manuta apa kang katurunaké déning Allah, padha mangsuli: Ora, balik aku iki padha manut apa kang tinemu padha dilakoni déning bapak-bapakku. Apa! Lan sanajan bapak-bapakné padha ora mangerti barang-barang sarta padha ora ngambah dalan bener.

وَإِذَا قِيْلَ لَهُمُ اتَّبِعُوْا مَآ أَنْزَلَ اللّٰهُ قَالُوْا
بَلْ نَتَّبِعُ مَآ أَلْفَيْنَا عَلَيْهِ اٰبَآءَنَا ۭ أَوَلَوْ
كَانَ اٰبَآؤُهُمْ لَا يَعْقِلُوْنَ شَيْـًٔا وَّلَا يَهْتَدُوْنَ ﴿١٧٠﴾

171 Lan sanépané para kang kafir iku kaya sanépané wong angucap-ucap seru marang kang ora ngrungu, kajaba (ngrunguné iku mung) panguwuh lan pambengok; budheg, bisu (lan) wuta, mulané padha ora mangerti.[208]

وَمَثَلُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا كَمَثَلِ الَّذِيْ يَنْعِقُ
بِمَا لَا يَسْمَعُ إِلَّا دُعَآءً وَّنِدَآءً ۭ صُمٌّۢ بُكْمٌ
عُمْيٌ فَهُمْ لَا يَعْقِلُوْنَ ﴿١٧١﴾

---

boten anggapé. Para titiyang wau sami ngatingalaken anggènipun kami-gila dhateng sawarnining barang awisan, nanging éca kémawon nedha barang ingkang angsalipun kanthi lampah ingkang boten kaidèn. Tindakipun ingkang makaten wau wonten ing panggènan sanès dipun cacad sanget kalayan dhawuh ingkang cetha makaten: "Yagéné para pandhitané lan para winasisé padha ora menging dhèwèké anggoné padha ngucap dosa lan anggoné padha mangan barang kang olèhé sarana laku ora bener?" (5: 63).

Kaping kalihipun, wewahan dhawuh *aja manut dadalaning sétan*, punika mewahi cethanipun maksuding awisan wau. Quran Suci angakeni bilih antawising kawontenanipun manusa jasmani lan ruhani, punika wonten sasambetanipun. Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih tedha punika tumrap pambanguning budi pakerti wigatos pakaryanipun, sarta inggih sampun cetha bilih kakiyataning manah tuwin pikiran, punika kedayan déning sipating tedha. Angger-angger punika ugi katingal tumindak wonten ing alaming sato. Rèhning Quran Suci punika kanggé sadaya tataran kamajenganipun gesang babrayaning manusa, mila Quran Suci inggih ngemot pranatan lan tatanan ingkang kanggé nyaèkaken kawontenanipun manusa menggah ing jasmani, budipakerti tuwin ruhani.

208. Kanjeng Nabi kasanépakaken kados déné tiyang ingkang nguwuh-uwuh, nanging para titiyang kafir sami boten purun migunakaken pikiranipun, dados namung kados déné raja-kaya ingkang namung mireng pambengokipun tiyang ingkang anggiring, nanging boten mangertos tegesipun ingkang kaucapaken. Punika cocog kaliyan ingkang sampun kapangandikakaken ing ayat ingkang sampun. Sawenèh mufassirin sami gadhah pamanggih bilih tiyang ingkang nguwuh-uwuh punika tiyang kafir, ingkang nguwuh-uwuh nedha pitulung utawi pitedah dhateng sesembahan-sesembahanipun palsu, nanging punika boten sami mangertos punapa ingkang dipun ucapaken déning para titiyang wau. Nanging manawi nitik wontenipun tembung *budheg, bisu* tuwin *wuta* ingkang mathuk tumrap para kafir, nandhakaken manawi ingkang leres punika katrangan ingkang sapisan wau.

172 É, para kang padha angèstu, padha mangana barang kang apik-apik kang Ingsun paringaké ing sira sarta padha atura panuwun ing Allah, manawa Panjenengané iku Kang padha sira kawulani.[209]

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ كُلُوا۟ مِن طَيِّبَٰتِ مَا رَزَقْنَٰكُمْ
وَٱشْكُرُوا۟ لِلَّهِ إِن كُنتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ ﴿١٧٢﴾

173 Sing larangan ingatasé sira iku mung bathang lan getih sarta daging cèlèng tuwin apa sing akanthi saliyané (asmaning) Allah kang sinebut;[210] ananging sapa sing kepeksa, ora saka kapéngginé, lan ora angliwati wates, lah ora dosa ingatasé dhèwèké; sayekti Allah iku Aparamarta, Maha-asih.[211]

إِنَّمَا حَرَّمَ عَلَيْكُمُ ٱلْمَيْتَةَ وَٱلدَّمَ وَلَحْمَ
ٱلْخِنزِيرِ وَمَآ أُهِلَّ بِهِۦ لِغَيْرِ ٱللَّهِ ۖ فَمَنِ
ٱضْطُرَّ غَيْرَ بَاغٍ وَلَا عَادٍ فَلَآ إِثْمَ عَلَيْهِ ۚ
إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٧٣﴾

---

209. Dhawuh nedha *barang ingkang saé-saé* punika lèrègipun tumuju ngawisi migunakaken barang-barang ingkang ambabayani dhateng kasarasan, sanajan saged ugi miturut pranatan boten dados awisan, tuwin tumuju ngawisi migunakaken barang-barang ingkang angsalipun kanthi lampah ingkang dados awisan.

210. Para titiyang Yahudi sami mancahi déné sawenèh tetedhan kaidèn tumrap para Muslimin, mangka manut saréngat Musa dados awisan; mirsanana 3: 92 tuwin katerangan angka 466. Bathang saha burukan (kéwan ingkang pejah kamangsa ing kéwan galak), punika ugi dados awisan miturut angger-anggeripun Kanjeng Nabi Musa (Kaimaman 17: 15), makaten ugi rah (Kaimaman 7: 26), tuwin daginging andhapan (Kaimaman 11: 7). Déné barang-barang ingkang tartamtu kaawisan tumrap titiyang Yahudi saha boten kaawisan tumrap titiyang Muslimin, mirsanana 6: 147 tuwin katrangan angka 837. Para titiyang Yahudi kipa-kipa sanget dhateng andhapan, sarta kasebutipun kéwan wau wonten ing dalem Injil, nedahaken manawi Kanjeng Nabi ‘Isa inggih jijik dhateng andhapan, ingkang lajeng ambuktèkaken bilih panjenenganipun ugi nganggep andhapan punika kéwan ingkang najis (jember). Salajengipun tétéla manawi panjenenganipun wau boten nyimpang saking pranatan Yahudi ing dalem bab punika.

Awisan saminipun punika sampun katurunaken nalika Kanjeng Nabi Suci taksih wonten ing Makkah; ungelipun mèh sami plek kaliyan ayat punika, inggih punika ing 16: 115, déné ing 6: 146 mawi nerangaken nalar-nalaripun awisan wau; mirsanana katrangan angka 836. Sarta 5: 3, ingkang katurunaken ing Madinah ing pawingkingipun, mawi nyebutaken prakawis warni-warni, wigatos anggenahaken punapa ingkang nama *bathang, tuwin ingkang pambelèhipun kalayan anebut karana sanèsipun Allah* punika. Ing ngriku katerangakaken bilih “apa kang pambelèhé kalawan anebut karana saliyané Allah,” punika ingkang dipun karsakaken: kéwan ingkang dipun kurbanaken dhateng brahala. Para mufassirin ugi sami anggadhahi paham bilih *apa kang pambelèhé kalawan anebut karana saliyané Allah* punika *kéwan ingkang kapragad déning tiyang ingkang nyembah brahala, kanggé kurban dhateng brahalanipun* (Rz), utawi *ingkang nalika mragad mawi nyebut namanipun brahala* (Bd), jalaran ing kalanganipun bangsa Arab sampun kacara mragad kéwan punika mawi nebut atas namanipun satunggaling brahala. Nanging pratélanipun Quran Suci punika mengku ing saumumipun, dados, mragad kéwan mawi nyebut nama sanèsing asmanipun Allah, punika andadosaken kéwan ingkang kapragad wau dados barang awisan.

211. punika ateges *boten margi kepéngin nedha punika karana badhé seneng-seneng* (ngéca-éca), déné ateges nglangkungi wates sapinten betahipun saèstu.

174 Sayekti para sing angumpetaké sapéranganing Kitab kang katurunaké déning Allah sarta diurupaké kalawan reregan sathithik, iki ora liya kajaba mangan geni ing wetengé,[212] lan ing dina qiyamat Allah ora bakal ngandikani sarta ora bakal anucèni dhèwèké, lan bagéané: siksa kang nglarani.

إِنَّ الَّذِينَ يَكْتُمُونَ مَا أَنْزَلَ اللَّهُ مِنَ
الْكِتٰبِ وَيَشْتَرُونَ بِهٖ ثَمَنًا قَلِيلًا ۙ أُولٰٓئِكَ
مَا يَأْكُلُونَ فِي بُطُونِهِمْ إِلَّا النَّارَ وَلَا يُكَلِّمُهُمُ
اللَّهُ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ وَلَا يُزَكِّيهِمْ ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١٧٥﴾

175 Iki para kang ngurupaké sasar kalawan tuntunan sarta siksa kalawan paramarta; iba ta betahé amapagaké geni!

أُولٰٓئِكَ الَّذِينَ اشْتَرَوُا الضَّلٰلَةَ بِالْهُدٰى
وَالْعَذَابَ بِالْمَغْفِرَةِ ۚ فَمَآ أَصْبَرَهُمْ عَلَى النَّارِ ﴿١٧٦﴾

176 Kang mangkono mau déning anggoné Allah wus anurunaké Kitab kalawan yekti; lan sayekti para sing padha tumindak amilawani[212A] Kitab, iku temen dumunung ing pambangkang kang *gedhé.*

Ar. *adoh*

ذٰلِكَ بِأَنَّ اللَّهَ نَزَّلَ الْكِتٰبَ بِالْحَقِّ ۗ وَإِنَّ
الَّذِينَ اخْتَلَفُوا فِي الْكِتٰبِ لَفِي شِقَاقٍ بَعِيدٍ ﴿١٧٧﴾

RUKU' 22

Wawales sarta Wasiyat

177. Kautaman punika boten dumunung wonten ing gelaring tindak lahir, nanging dumunung wonten ing anggènipun angajengi tatalesing piandel ingkang wiyar sarta anggènipun rumengkuh saé tuwin sami-sami dhateng sami-sami. 178, 179. Wawales. 180-182. Wasiyat

---

212. Wonten ing Quran Suci jasmani lan ruhani punika kawarna kalayan èdi bilih wonten sasambetanipun ingkang kalayan rapet. Awisan nedha sawenèh tetedhan ingkang boten suci utawi ingkang ambabayani, kasambetan ing dhawuh pèpènget boten kénging *nedha latu*, punika kanggé anyethakaken sasambetan wau. Panjagi tansah dipun wonteni, awit manawi boten makaten saèstu badhé keladuk anggènipun nengenaken dhateng upacaraning pranatan lahir. Ing ayat ngriki kula sami kapangandikan bilih wonten malih ingkang langkung ambabayani katimbang tetedhan awisan, inggih punika nedha latu, ingkang tegesipun: ngumpetaken punapa ingkang sampun katurunaken (kawahyokaken) ing dalem Kitab. "Ngumpetaken" tumrap ing ngriki, ateges boten purun nindakaken piwulanging Kitab, sarta sanajan para Yahudi kénging kanggé contonipun, para Muslimin ugi dipun pèpèngeti bab prakawis babayanipun nengenaken sanget-sanget dhateng tindak sumuci-suci tumrap ing lahir, nanging nglirwakaken kasucianipun ruhani.

212A. الَّذِينَ اخْتَلَفُوا فِي الْكِتٰبِ punika ingkang limrah dipun jarwani *kang padha pasulayan ing dalem prakara Kitab,* nanging jarwan punika boten mengku pangertosan ingkang terang, punapa ingkang dipun karsakaken. Rgh nerangaken salah satunggaling tegesipun tembung wau: *nglebetaken satunggaling barang dhateng Kitab wau, sulaya kaliyan barang ingkang sampun*

Ar. *sapa sing*

177 Dudu kautaman anggonira padha angadhepaké rainira mangétan lan mangulon,[213] ananging kautaman iku yaiku *anggoné wong* angèstu ing Allah lan dina akhir lan para malaikat[214] lan kitab[215] lan

لَيْسَ الْبِرَّ أَنْ تُوَلُّوا وُجُوهَكُمْ قِبَلَ الْمَشْرِقِ
وَالْمَغْرِبِ وَلٰكِنَّ الْبِرَّ مَنْ اٰمَنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ
الْاٰخِرِ وَالْمَلٰٓئِكَةِ وَالْكِتٰبِ وَالنَّبِيّٖنَ ۚ وَاٰتَى

katurunaken déning Allah. Bd nerangaken *ikhtilâf* ing dalem prakawis punika kénging dipun tegesi *anggènipun sami iman dhateng sapérangan sarta kafir dhateng sapérangan.* Teges sanèsipun malih anggènipun negesi Bd wau makaten: *anggènipun sami merdèni dhawuhing Kitab boten kanthi saleres-leresipun.* Mila teges ingkang prayogi piyambak punika: tumindak amilawani Kitab, sarta inggih teges punika ingkang kula anggé.

213. Punika salah satunggaling dhawuh, ingkang dipun alembana déning para ingkang sami nlitipriksa Quran nadyan saking fihakipun mengsah pisan: "Punika salah satunggaling ayat-ayatipun Quran ingkang minulya piyambak. Kanthi cetha ayat punika nyilahaken antawisipun pangibadah ingkang namung kandheg ing upacara lahir, kaliyan pangibadah ingkang tulus tumus dumugi ing tindak. Angèstu ing Pangéran tuwin bèrbudi dhateng sasamining manusa, punika katerangaken kanthi cetha dados sarining agami" (Wh).

Upacara kothong kados déné ingkang katindakaken déning sadaya bangsa nalika jaman samanten, para Yahudi ingkang sanget piyambak, punika katerangaken déning ayat punika manawi tanpa gina. Ingkang makaten wau ugi nandhakaken bilih ayat punika wonten sasambetanipun kaliyan ayat nginggilipun lan ngandhapipun. Kajawi punika, manawi ayat punika kacocogaken kaliyan ayat 115 tuwin kateranganipun angka 160, tétéla manawi ayat punika mengku teges ingkang langkung lebet malih, inggih punika ingkang dipun sasmitakaken wonten ing wekasaning ayat. Madhep mangétan lan mangilèn, punika nyasmitakaken kamenanganipun para Muslimin ing Wétan lan ing Kilèn, sarta ugi wigatos paring dhawuh dhateng para Muslimin, bilih sanès ingkang dipun karsakaken Pangéran, badhé andadosaken para Muslimin dados bangsa tukang neluk-nelukaken thok, nanging supados dadosa umat ingkang sifatipun ingkang miyambaki dados tukang mencaraken tatalesing agami ingkang sajati wonten ing jagad punika, tuwin atindak saé dhateng sasamining tumitah. Manawi para Muslimin sami manut ing ayat 115 "Lan kagunganè Allah wétan lan kulon iku; mulané menyang ngendi baé adhepira, iya mrono tujuné Allah."

Dados pathining ayat punika makaten: para Muslimin kedah dados para tulus langkung rumiyin, sasampunipun lajeng saweg umat ingkang menang, ingkang supados sami saged nanem wijining katulusan wonten ing sadaya nagari ingkang katelukaken.

214. Angèstu malaikat punika wonten ing wiwitaning ayatipun surat punika sampun kasasmitakaken; ing ngriki kapangandikakaken kanthi cetha dados salah satunggaling dhasar tatalesipun Islam. Saged ugi iman ing wontenipun malaikat punika boten waradin ing sajagad, kados déné ing Pangéran, nanging iman ing malaikat punika wonten ing sadaya agami ingkang adhadhasar Mahatunggalipun Pangéran, waradin dipun akeni. Boten prabéda lan rukunipun iman sanés-sanèsipun, iman ing malaikat punika déning Islam inggih kadhawuhaken manawi mengku teges ingkang lebet. Anggota wadhag kula sami, dèrèng saged kula pigunakaken wonten ing alam kawadhagan punika, manawi tanpa pitulunganipun kakiyatan sanés; upaminipun kémawon mripat, punika boten saged dipun anggé ningali manawi tanpa papadhang. Lah makaten ugi kakiyatan ruhani kula, inggih dèrèng saged narik kula sami nindakakaken pandamel saé utawi pandamel awon; saged kula nindakakaken pandamel saé punapa awon, punika mawi ambetahaken wontenipun "tukangipun narik" ingkang wontenipun boten gumantung dhateng kakiyatan ruhani kula piyambak. Déné daya panarik ingkang dumunung ing manusa, punika wonten warni kalih, inggih punika daya panarik ingkang ngajak dhateng saé utawi ngajak sumengka minggah dhateng laladining katulusan ingkang inggil, tuwin daya panarik ingkang ngajak dhateng awon utawi ngajak mlorot mangandhap dhateng gesang ingkang asor, gesang kados gesanging sato. Boten prabéda lan ingkang tumindak tumrap wonten ing kakiyatanipun wadhag manusa, wontenipun utawi makardinipun daya panarik wau ugi ambetahaken ing wontenipun "tukang narik" sanès, ingkang boten miji saking awak kula sami piyambak. Déné "tukangipun" ingkang narik dhateng saé, punika

215. *Mirsanana kaca candhakipun.*

para nabi lan amèwèhaké bandha, atas saking katresnan ing Panjenengané,[216] marang krabat lan para bocah yatim sarta para miskin lan wong lalaku lan para wong anjajaluk lan kanggo (angluwari) tawanan[217] apa déné anjumenengaké salat lan ambayar zakat; lan para sing padha anuhoni janjiné nalika pada aprajanji[218] lan para

الْمَالَ عَلٰى حُبِّهٖ ذَوِى الْقُرْبٰى وَالْيَتٰمٰى وَ
الْمَسٰكِيْنَ وَابْنَ السَّبِيْلِ وَالسَّآئِلِيْنَ وَفِى
الرِّقَابِ وَاَقَامَ الصَّلٰوةَ وَاٰتَى الزَّكٰوةَ وَ
الْمُوْفُوْنَ بِعَهْدِهِمْ اِذَا عٰهَدُوْا وَالصّٰبِرِيْنَ

---

kawastanan *malaikat,* déné ingkang biyantu makardèkakaken daya panarik dhateng awon, punika kawastanan *sétan*. Manawi kula sami nanggapi panarik dhateng saé, kula nama manut Roh Suci, déné manawi kula nanggapi panarik dhateng awon, kula nama manut dhateng sétan. Dados, iman dhateng para malaikat punika mengku teges: samangsa kula sami kraos tumiyung badhé nindakaken saé, sanalika kula kedah tumanggap minangkani pangajak wau tuwin manut miturut dhateng ingkang ngajak saé wau. Dados iman ing malaikat punika boten namung ateges kula sami kedah ngandel ing wontenipun para malaikat thok, tandhanipun kula sami boten kadhawuhan "iman ing sétan," mangka bab wontenipun sétan, punika sampun genah lan sampun yakin, boten prabéda lan wontenipun para malaikat, malah manut dhawuh sanès (ayat 256) ingkang kadhawuhaken kalayan cetha, kula sadaya kedah sami kafir dhateng sétan. Rèhning "kafir dhateng sétan" punika ateges kula sami kedah andhuwa panarik dhateng awon, milanipun "iman ing malaikat" punika ateges kula sami kedah miturut dhateng ingkang ngajak saé.

215. Ing ngriki kasebutaken bilih iman dhateng sadaya nabi punika kedah, suprandéné ing ngriki *kitab* kapangandikakaken mawi tembung *mufrad*, nanging sampun cetha manawi punika inggih mengku kitab-kitabipun sadaya para nabi. Sababipun bokmanawi margi ing panggènan sanès sampun kadhawuhaken bilih Quran punika Kitab, "kang ing kono mengku sakabèhé kitab-kitab kang bener" (98: 3), dados iman dhateng Quran, punika sampun mengku iman dhateng kitab-kitab wau sadaya, sarta inggih awit saking punika, *Kitab* ing mriki ateges Kitab Quran.

216. Boten prabéda lan ing panggènan sanès-sanèsipun malih ing Quran Suci, ing ayat punika kasebutaken bilih tresna ing Allah, punika dados dhadhasaring maksud ingkang sajatos tumrap sawarnining pandamel tulus.

217. *Riqâb* punika *jama'*-ipun *raqabah,* ingkang tegesipun wantah *gulu*, lajeng kasebut kalayan mengku teges gerban: *kawula tumbasan* utawi *tiyang tawanan* (TA-LL). Dados tembung ing ngriki gadhah teges: *kanggo angluwari tawanan* (IJ). Ing donya punika boten wonten agami sanèsipun malih, kajawi agami Islam, ingkang mulangaken kados pundi murih tresna ing mengsah punika cumetha dumugi ing tindak. Karsanipun Islam andadosaken pandhèrèkipun dados bangsa ingkang menangan, punika ingkang kados pundi? Inggih punika: bangsa ingkang menangan, ingkang kedah nanjakaken sapéranganing bandhanipun kanggé ngluwari para mengsahipun ingkang katawan wonten ing paperangan! Pranyata boten wonten piwulang ingkang langkung minulya tuwin boten wonten tatanan ingkang tumindak ing babagan punika, ingkang pinanggih wonten ing sawijining kebétanipun Kitab Suci Quran! Piwulang "tresnaa marang satrumu," punika saèstu piwulang ingkang adiluhung; ananging wonten ing dalem agami Nasrani, boten saged langkung saking impèn blaka. Ngemungaken Kanjeng Nabi Muhammad saw. piyambak, ingkang andhawuhaken: Karana tresna ing Allah, nanjakna bandhamu kanggo ngluwari mungsuh-mungsuhmu kang padha kotawan ana ing paprangan.

218. Lah punika sifat sanèsipun malih ingkang kedah dados cirinipun para Muslimin ingkang menangan. Netepi janji, sami ugi tumrap tiyang satunggal-satunggal utawi tumrap satunggaling bangsa, punika salah satunggalipun tatales ingkang angka satunggal tumrap karahayonipun sadaya manusa, sarta inggih awit saking punika mila Quran Suci migatosaken sanget ing bab punika. Bangsa-bangsa ingkang boten nuhoni prajanjian tuwin kasagahanipun, langkung kathah anggènipun adamel kasangsaran ageng dhateng saindhenging kamanusan katimbang lan sabab sanès-sanèsipun. Tumrap babrayan alit sagedipun manggih raharja, punika manawi satunggal-tunggaling warganipun babrayan

sing teguh ing sajroning karupekan lan kasangsaran sarta ing nalikaning perang[219] – ya iki para kang kang padha temen lan ya iki para kang padha bekti.

فِى الْبَأْسَآءِ وَالضَّرَّآءِ وَحِيْنَ الْبَأْسِ ؕ اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ صَدَقُوْا ؕ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُتَّقُوْنَ ﴿١٧٧﴾

178 É, para kang padha angèstu, wawales ing dalem prakara rajapati iku ing atasé sira wis katulis (ing papacak), wong mardika kalawan wong mardika, lan kawula kalawan kawula, lan wong wadon kalawan wong wadon,[220] déné sing sapa diwènèhi kaènthèngan sawatara déning saduluré (kang kasusahan),[221] seregan (anjaluk tetempuh)

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الْقِصَاصُ فِى الْقَتْلٰى ؕ اَلْحُرُّ بِالْحُرِّ وَالْعَبْدُ بِالْعَبْدِ وَالْاُنْثٰى بِالْاُنْثٰى ؕ فَمَنْ عُفِىَ لَهٗ مِنْ اَخِيْهِ

wau setya dhateng prajanjian-prajanjian tuwin kasagahan-kasagahanipun. Lah makaten ugi tumrap babrayan ageng, manusa sadaya, punika inggih badhé lastantun dumunung wonten ing kawontenan asor, kajawi manawi bangsa ingkang mawarni-warni punika sami nuhoni prajanjianipun. Rekaos ingkang mesthi kasandhang déning bangsa ingkang kawon, saged suda kathah sanget manawi bangsa ingkang menang purun nuhoni prajanjianipun.

219. Wekasaning dhawuhipun ayat ingkang mungel: *kang padha sabar ….. nalika ana ing peperangan,* punika saged nyethakaken ingkang dipun karsakaken ing sagemblenging ayat punika. Badhé wontenipun paprangan-paprangan kaliyan para mengsahing Islam, ingkang wasananipun badhé anjalari Islam menang kaliyan para ingkang sami sumedya anyirnakaken, kasasmitakaken kalayan terang.

220. Angger-angger Yahudi bab nandukaken wawales, kawewahan kathah sanget wonten ing Islam, awit mawi kawatesan ngemungaken wonten ing prakawis raja-pejah kémawon. Déné manawi wonten ing kalanganipun bangsa Yahudi, pranatan wau mengku sadaya prakawis misakit ingkang sanget. Nanging ing dalem Islam, “wawales ing dalem prakara raja pati iku ingatasé sira wus katulis ing papacak,” ingkang suraosipun sami kémawon kaliyan andhawuhaken, tiyang mejahi tiyang punika kedah dipun pejahi. Sasampunipun ngundhangaken angger-angger wau kalayan dhawuh ingkang umum. Quran lajeng nerangaken piprincéniing prakawis, inggih punika, manawi ingkang mejahi punika tiyang jaler mardika, inggih piyambakipun wau ingkang kedah dipun pejahi; manawi ingkang mejahi wau kawula, inggih kawula wau ingkang kapatrapan paukuman; manawi tiyang èstri mejahi tiyang jaler, inggih tiyang èstri wau ingkang kedah dipun pejahi. Bangsa Arab sadèrèngipun lahir agami Islam ing sawenèh prakawis gadhah pranatan ingkang sampun kacara, inggih punika manawi tiyang ingkang dipun pejahi punika darahing ngaluhur, ingkang kapatrapan paukuman kajawi tiyang ingkang dosa pejah wau ugi tiyang sanès-sanèsipun malih; makaten ugi manawi ingkang dosa pejah punika kawula utawi tiyang èstri, piyambakipun dèrèng narimah manawi namung midana kawula utawi tiyang èstri wau. Quran Suci nyirnakaken adat tatacara wau (AH, Rz).

221. Kawontenan ingkang saged ngènthèngaken dosanipun tiyang ingkang dosa, punika saged ugi sok wonten. Ing dalem prakawis ingkang kados makaten wau, tiyang ingkang dosa, pejah kénging kapurih bayar tetempah dhateng krabatipun tiyang ingkang dipun pejahi. Arta ingkang makaten wau dipun wastani *diyat*, utawi *tetempah*. Nyukani kaènthèngan dhateng tiyang ingkang dosa punika kasebutaken kanthi terang wonten ing dhawuh wekasaning ayat wau. *Iki kaènthèngan saka Pangéranira.* Sampun boten wonten semang-semangipun malih kaènthèngan saking Pangéran, punika angsal-angsalanipun kaènthèngan dosanipun tiyang ingkang dosa pejah wau. Manawi kacocogaken kaliyan dhawuh ing 4: 92, cetha manawi anggènipun mejahi wau boten jaragan, kénging bayar tetempah.

kudu katindakaké manut kalumrahan, lan pambayaré tetempuh marang dhèwèké kudu katindakaké kalawan becik; mangkéné iki kaènthèngan lan kawelasan saka Pangéranira; mulané sapa sing amlangkah wates ing sawisé mangkono iku, bagéané siksa kang nglarani.

شَيْءٌ فَاتِّبَاعٌ بِالْمَعْرُوفِ وَأَدَاءٌ إِلَيْهِ بِإِحْسَانٍ ۗ ذَٰلِكَ تَخْفِيفٌ مِّن رَّبِّكُمْ وَرَحْمَةٌ ۗ فَمَنِ اعْتَدَىٰ بَعْدَ ذَٰلِكَ فَلَهُ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١٧٨﴾

179 Lan sajroning (papaceké) wawales iku sira éntuk urip, o, wong kang padha ana akalé, darapon sing padha bekti.[222]

وَلَكُمْ فِي الْقِصَاصِ حَيَاةٌ يَا أُولِي الْأَلْبَابِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿١٧٩﴾

180 Wasiyat iku wus katulis (ing papacak) ingatasé sira, nalika pati anekani salah sawijinira, manawa atinggal bandha, tumrap wong tuwa loro lan para akrab, kalawan miturut kalumrahan, dadi kawajiban ing atasé para kang bekti.[223]

كُتِبَ عَلَيْكُمْ إِذَا حَضَرَ أَحَدَكُمُ الْمَوْتُ إِن تَرَكَ خَيْرًا الْوَصِيَّةُ لِلْوَالِدَيْنِ وَالْأَقْرَبِينَ بِالْمَعْرُوفِ ۖ حَقًّا عَلَى الْمُتَّقِينَ ﴿١٨٠﴾

---

222. Dumugi ing wekdal wau, para Muslimin tansah narimah dados lésaning sawarninipun lampah nglangkungi wates. Sampun kathah tiyang Muslimin ingkang dipun pejahi kalayan wengis. Sapunika para mengsah sami gayeng sedyanipun badhé numpes para Muslimin kalayan nganggé dadamelipun, mila para Muslimin dipun paringi dhawuh pèpènget, bilih gesangipun ing sapunika namung gumantung dhateng tumindaking angger-angger bab wawales; kajawi punika pancèn umumipun, kawilujenganipun gesang punika sagedipun karéka, namung manawi tiyang ingkang dosa pejah punika dipun ukum pejah.

223. Klèntu sanget manawi dhawuh ing kasebut ing ayat punika kaanggep sampun boten tumindak, saha kaanggep manawi ayat punika sampun kasuwak. Sawenèh mufassir gadhah paham bilih tatanan damel wasiyat kados déné ingkang kasebut ing ayat punika dipun suwak déning dhawuh ing 4: 11, ingkang namtokaken pandumaning para warisipun tiyang ingkang tilar donya. Ananging yektinipun ayat wau taksih nganggep absah wasiyat ingkang sampun kadamel. Salajengipun minangka pasaksèn bilih angger-angger bab wasiyat punika boten kasuwak déning dhawuh 4: 11, mangga kula aturi mirsani 5: 106 (ingkang tumurunipun sampun genah manawi langkung kantun katimbang kaliyan 4: 11), ing ngriku andhawuhaken wontenipun saksi nalika damel wasiyat. Tumindakipun, wiwit jamanipun Kanjeng Nabi, wewenang masiyataken bandhanipun, punika kapranata boten kénging langkung saking sapratiganipun bandha, sarta para ingkang sami tampi panduman margi dados warisipun ingkang pejah, boten kénging tampi bandha wasiyat. Ananging sanadyan makaten tumindakipun, meksa boten nélakaken bilih ayat punika kasuwak; kosokwangsulipun, punika ngiyataken dhawuh bab damel wasiyat, malah menggah ing sajatos-jatosipun dumunung anggenahaken wasiyat ingkang kados pundi, ingkang kapangandikakaken ing ayat ngriki punika, inggih punika sarana maringi pitedah ingkang langkung cetha bab prakawis wasiyat ingkang saged adamel pituna dhateng wewenangipun para waris.

Sadaya pakèwed ingkang gagayutan kaliyan ayat punika saged ical manawi dhawuh لِلْوَالِدَيْنِ وَالْأَقْرَبِينَ ingkang tegesipun *tumrap wong tuwa loro lan para akrab* punika kawaos

181 Sapa sing sawise angrungu iku banjur angowahi, – lah dosane iku mung tumiba marang para sing angowahi, sayekti Allah iku Amiyarsa, Angudanèni.

فَمَنْ بَدَّلَهُ بَعْدَ مَا سَمِعَهُ فَإِنَّمَآ إِثْمُهُ عَلَى الَّذِينَ يُبَدِّلُونَهُ ۚ إِنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿١٨١﴾

182 Ananging sapa sing nguwatiraké mbokmanawa kang atinggal weling iku atindak botsih utawa (jaragan) dosa, banjur agawé pirukun antarané kono padha, lah ora dosa ingatasé dhèwèké; sayekti

فَمَنْ خَافَ مِن مُّوصٍ جَنَفًا أَوْ إِثْمًا فَأَصْلَحَ بَيْنَهُمْ فَلَآ إِثْمَ عَلَيْهِ ۚ

---

kaliyan إِنْ تَرَكَ خَيْرًا ingkang tegesipun *manawa atinggal bandha,* dados boten kasuraos wangsul dhateng *wasiyat*. Dhawuh wau lajeng mungel makaten: *Wasiyat iku wus katulis ing papacak ingatasé sira, nalika pati anekani salah sawijinira*, *manawa atinggal bandha tumrap wong tuwa loro lan para akrab.* Dados wasiyat wau boten tumrap tiyang sepuh kakalih tuwin para akrab, jalaran pandumanipun sampun katamtokaken wonten ing dhawuh 4: 11, wangsul kawasiyataken tumrap kaperluwan dadana utawi kaperluwan sanès-sanèsipun. Manawi dipun suraos kados makaten wau, ayat punika cocog sanget kaliyan ayat kakalih sanèsipun, inggih punika 4: 11 tuwin 5: 106, makaten ugi cocog sanget kaliyan sunnahipun Kanjeng Nabi, kados déné ingkang dipun riwayataken wonten ing hadits. Hadits titiga prayogi kapèngetan ing ngriki. Ingkang sapisan, inggih punika hadits ingkang dipun riwayataken déning Bukhari lan Muslim, kateranganipun Sa'd bin Abi Waqqas ingkang makaten: "Ing nalika taun bedhahé Makkah aku kena ing lalara kang mèh baé andadèkaké aku yakin manawa pati mesthi anekani aku. Kanjeng Nabi ngrawuhi aku, aku banjur matur marang panjenenganė yèn aku duwé bandha akèh banget nanging mung duwé waris anak wadon siji; aku nyuwun palilah masiyataké bandhaku kabèh (mesthi kémawon kanggé maksud dadana), nanging aku mung dikaparengaké masiyataké sapratelon." Makaten ringkesipun katranganipun sahabat Sa'd wau. Nitik taunipun ingkang kasebutaken, inggih punika taun nalika bedhahipun nagari Makkah, tétéla manawi lalampahan wau kelampahanipun ing nalika ayat warni kalih ingkang karembag ing ngriki tuwin 4: 11 punika sampun turun let dangu. Awit saking punika, dados damel wasiyat punika boten cengkah kaliyan ayat 180, sarta menggah ing sajatos-jatosipun ingkang kapangandikakaken ayat punika bab prakawis damel wasiyat tumrap kaperluwan dadana utawi kaperluwan sanès-sanèsipun, sanès wasiyat tumrap para waris. Lalampahan kalih warni sanèsipun, kelampahanipun ing jaman pawingkingipun malih. Siti 'Aisyah ngandikakaken bilih wonten satunggalingg tiyang niyat badhé damel wasiyat. Panjenenganipun mundhut priksa pinten kathahing bandhanipun, sarta sareng dipun caosi katerangan bilih bandhanipun 4000 dinar tuwin warisipun wonten sekawan, panjenenganipun lajeng dhawuh dhateng tiyang wau sampun damel wasiyat kémawon, saha bandhanipun wau katilarna kémawon dhateng para warisipun, salajengipun panjenenganipun mawi maos dhawuh إِنْ تَرَكَ خَيْرًا ingkang kasebut ing ayat ngriki punika, kalayan kasuraos mengku teges damel wasiyat punika manawi tilar *bandha kathah* (Bd). Lalampahan saminipun punika ugi, dipun riwayataken ing hadits, inggih punika lalampahanipun Bagéndha 'Ali, Khalifah ingkang kaping sekawan. Panjenenganipun kagungan kawula ingkang sampun mardika gadhah bandha 700 dinar, Bagéndha 'Ali ngémutaken sampun damel wasiyat, panjenenganipun maos dhawuh إِنْ تَرَكَ خَيْرًا kanggé ngiyataken pamanggihipun wau (Bd). Lalampahan warni kalih punika kelampahan ing sasampunipun séda Kanjeng Nabi, dados nedahaken kanthi cetha: (1) bilih ayat 180 punika boten kaanggep sampun kasuwak, jalaran tiyang kathah taksih lastantun damel wasiyat miturut pitedahipun ayat wau, sarta Siti 'Aisyah lan Bagéndha 'Ali sami mendhet waton saking ngriku; (2) wasiyat ingkang kapangandikakaken ing ayat punika, punika boten naté mengku teges tumrap kaperluwan dadana, utawi ing sawenèh prakawis, tumrap para akrab ingkang boten saged tumut maris miturut dhawuh ing 4: 11.

Allah iku Aparamarta, Maha-asih.[224]

إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٨٢﴾

RUKU' 23

Siyam

183, 184. Siyam kawajibaken. 185. Wulan Ramadlan kadadosaken wulan siyam. 186. Gusti Allah anyembadani panyuwun. 187. Watesing siyam. 188. Hak ing rajadarbé kedah dipun ajèni.

183 É, para kang padha angèstu, pasa iku katetep wajib tumrap ing sira, kaya anggoné katetep wajib tumrap para wong ing sadurungira, darapon sira padha anjaga (awakira saka ing ala).[225]

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ كُتِبَ عَلَيْكُمُ ٱلصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿١٨٣﴾

---

224. Ingkang damel wasiyat prayogi dipun pituturi sampun ngantos keladuk sihipun ingkang kalayan boten mesthinipun dhateng satunggaling tiyang utawi sampun ngantos nglangkungi saking watesing angger-angger, ingkang temahanipun andadosaken kapitunanipun waris ingkang sah.

225. Siyam punika pranataning agami ingkang mèh umum tumindak ing sajagad kados déné sembahyang. Ing agami Islam, siyam punika salah satunggaling lampah pangibadah ajegan warni sekawan ingkang mangka tatales; ingkang tiga inggih punika sembahyang (salat), zakat lan nglampahi haji. Dhawuhing Quran nerangaken, bilih siyam punika kawajibaken dhateng sadaya umat déning para andika nabi ingkang sampun rawuh sadèrèngipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. "Siyam punika wonten ing sadaya jaman tuwin wonten ing kalanganipun sadaya bangsa dados pangadatan ingkang asring sanget katindakaken nalika nandhang susah, prihatos tuwin sedih" (Cr. Bib. Con.). Wonten ing antawisipun titiyang agami Hindu, siyam punika ugi kalimrah. Dalasan titiyang Nasrani, ingkang sami gadhah panganggep sampun boten ambetahaken lampah pangibadah ajegan margi saking panebusipun Kanjeng Nabi 'Isa, inggih dipun dhawuhi siyam déning nabi wau: "Mangkono manéh samangsa kowé padha nglakoni puwasa, aja gawé celom ulatmu kaya para wong lamis; déné iku padha njrengungusaké ulaté .... Balik, kowé iku samangsa puwasa, endasmu nganggo dilengani sarta nganggo raup" (Mattéus 6: 16, 17). Malih, nalika para titiyang Farisi maoni sahabatipun Kanjeng Nabi 'Isa déné asring boten siyam kados déné sahabatipun Kanjeng Nabi Yahya, panjenenganipun namung maringi wangsulan, samangsa panjenenganpun kapundhut "ing kono bakal padha puwasa" (Lukas 5: 33-35).

Nanging pranatan siyam punika ing dalem Islam mengku maksud ingkang béda sanget kaliyan ingkang sampun-sampun. Sadèrèngipun Islam, siyam punika mengku maksud nemaha nandhang luwé ing kalanipun nandhang susah tuwin prihatos; wonten ing agami Islam, siyam punika pranatan minangka kanggé nyaèkaken kawontenanipun budipakerti tuwin ruhani para manusa. Makaten punika kasebutaken kanthi cetha wonten ing wekasaning dhawuh: *Darapon sira padha anjaga awakira saka ing ala*. Maksudipun inggih punika supados manusa anggugulang kados pundi sagedipun nebihi awon. Dados, siyam ing dalem agami Islam, punika boten namung ateges nyirik tetedhan kémawon, nanging ugi nyirik sawarnining awon. Menggah ing sajatos-jatosipun, nyirik tetedhan punika namung dumunung pancadan, murih manusa ngrumaosi, manawi saking anggènipun mituhu ing dhawuhing Pangéran piyambakipun saged nebihi samukawis ingkang pancénipun kaidèn, lah punapa malih margi awon ingkang pancèn dipun awisi déning Pangéran, botena saya perlu kedah dipun tebihi. Malah menggah ing sajatos-jatosipun, sadaya pranataning agami Islam, punika lampah ingkang mangka pancadan, ingkang ngener dhateng kasucianing jiwa ingkang sampurna. Siyam punika kajawi mengku sedya kanggé ngluhuraken budipakerti, ugi nyasmitakaken sedya sanès. Wonten sedya warni kalih, inggih punika (a) menggahing *budipakerti* tuwin *ruhani*, supados para Muslimin saged anjaga awakipun piyambak saking awon; jalaran tiyang ingkang kuwawi boten mituruti pépénginanipun

184 Ing dina kang genah wilangané;[225A] ananging sira, sapa sing pinuju lara utawa lulungan, (kudu) banjur (pasa sapira) wilangané ing dina séjé; lan tumrapé sing rekasa anglakoni, ambayara tebusan sarana awèh pangan wong miskin;[226] lah sapa sing mulung atiné dhéwé anglakoni kabecikan, iku luwih becik tumrapé dhèwèké; wondéné sira padha pasa iku luwih becik tumrapé sira, manawa sira padha weruh.

أَيَّامًا مَّعْدُودَاتٍ ۚ فَمَن كَانَ مِنكُم مَّرِيضًا
أَوْ عَلَىٰ سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِّنْ أَيَّامٍ أُخَرَ ۚ وَعَلَى
الَّذِينَ يُطِيقُونَهُ فِدْيَةٌ طَعَامُ مِسْكِينٍ ۖ
فَمَن تَطَوَّعَ خَيْرًا فَهُوَ خَيْرٌ لَّهُ ۚ وَأَن
تَصُومُوا خَيْرٌ لَّكُمْ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿١٨٤﴾

185 Sasi Ramadlan[227] iku sasi enggoné Quran[228] diturunaké,

شَهْرُ رَمَضَانَ الَّذِي أُنزِلَ فِيهِ الْقُرْآنُ

ingkang pancènipun kaidèn, margi saking anggènipun ambangun-turut dhateng dhawuhipun Pangéran, mesthi inggih kiyat anduwa pépénginanipun ingkang boten kaidèn; (b) menggahing *jasmani*, murih para Muslimin saged anjagi awakipun piyambak saking para mengsah-mengsahipun, sarana anggugulang badanipun kiyat nandhang rekaos ingkang mesthi kasandhang nalika ambélani Islam tuwin kaum Muslimin.

225A. Wilanganing dinten katerangaken kanthi gumathok wonten ing ayat candhakipun, inggih punika sangalikur utawi tigangdasa dinten ing wulan Ramadlan. Piprincénipun bab siyam mirsanana Purwaka.

226. Tembung *fidyah* ingkang kagem ing ayat punika katerangaken déning Rgh makaten: "*Barang ingkang kanggé ngreksa déning manusa ing awakipun piyambak, inggih punika, bandha ingkang katanjakaken minangka lilintuning lampah pangibadah ingkang piyambakipun cèwèt anggènipun nindakaken*." Tembung wau ugi mengku teges *nanjakaken bandha kanggé nebus kamardikan*. Dhawuh *yuthîqunahu*, manawi dipun tegesi *kang padha kuwat nindakaké iku*, mengku teges *para ingkang saged nyukani tedha dhateng tiyang ingkang kikirangan*. Déné tumrap para titiyang ingkang boten saged nindakaken siyam jalaran tansah sakit utawi dangu nandhang sakit, utawi tiyang ingkang sampun sepuh utawi tiyang ingkang ringkih sanget (tiyang èstri ingkang saweg ngandhut utawi saweg nesepi ugi kalebet ing tataran punika), tumindakipun ingkang andanakaken dhateng pekir meskin tedha samurwating tedhanipun tiyang satunggal ing saben dinten ing salebetipun sawulan (Bkh, AD). Damel saé dhateng ngasanès punika ugi kadhawuhaken minangka wewahan dhawuh siyam ing wulan Ramadlan. Dipun riwayataken bilih Kanjeng Nabi Suci, ingkang sampun kaloka ing sajagad menggahing berbudinipun, punika ing salebetipun wulan Ramadlan saya langkung pradah malih (Bkh). Gumelaripun ingkang kalayan prasaja sanget, dhawuh punika limrahipun katindakaken sarana nyukani tedha dhateng tiyang ingkang kikirangan ing nalika wekasaning wulan, inggih punika ingkang dipun wastani *Shadaqatu-l-Fithri*, sarta punika wajib tumrap sadaya tiyang, jaler, èstri, laré alit, bandara tuwin abdi (Bkh).

227. Tumurunipun Quran Suci punika wiwitanipun wonten ing wulan *Ramadlan*, inggih punika wulan ingkang kaping sanga tumrapipun taun Arab (Rz). Mila wulan Ramadlan punika kapangandikakaken wulan tumuruning Quran Suci. Tegesipun ingkang asli, *Ramadlan* punika *bentèr ingkang sanget*. Mila wulan wau kawastanan makaten "awit nalika sami nyantuni namaning wulan-wulan saking namanipun kina, wulan-wulan wau lajeng kanamakaken miturut mangsa ingkang dhawah ing wulan-wulan wau, sarta wulan punika nyarengi kaliyan mangsa bentèr sanget" (LL, Bd). Sawenèhipun mastani manawi punika salah satunggaling asmanipun Gusti Allah, nanging punika boten wonten watonipun ingkang kénging pinitados.

228. *Mirsanana kaca candhakipun.*

minangka tuntunan tumrap para manusa sarta minangka tandha yektining tuntunan apa déné minangka panyilah;[229] mulané sira sing padha aneksèni sasi iku, lah pasaa ing kono; lan sapa sing pinuju lara utawa lulungan, (kudu) banjur (pasa sapira) wilangané ing dina séjé; Allah angarsakaké gampangé marang sira lan ora angarsakake angèlé marang sira, sarta (angarsakaké) supaya sira padha anggenepana wilangané sarta supaya sira padha angagungaké Allah, déning anggon-É wus anuntun ing sira lan darapon sira padha atur panuwun.

هُدًى لِّلنَّاسِ وَبَيِّنٰتٍ مِّنَ الْهُدٰى وَ
الْفُرْقَانِ ۚ فَمَنْ شَهِدَ مِنْكُمُ الشَّهْرَ
فَلْيَصُمْهُ ۗ وَمَنْ كَانَ مَرِيْضًا اَوْ عَلٰى سَفَرٍ
فَعِدَّةٌ مِّنْ اَيَّامٍ اُخَرَ ۗ يُرِيْدُ اللّٰهُ بِكُمُ
الْيُسْرَ وَلَا يُرِيْدُ بِكُمُ الْعُسْرَ ۫ وَلِتُكْمِلُوا
الْعِدَّةَ وَلِتُكَبِّرُوا اللّٰهَ عَلٰى مَا هَدٰىكُمْ
وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ﴿١٨٥﴾

186 Lan nalikané kawula-Ningsun padha takon ing sira prakara Ingsun, lah sayekti Ingsun iki parek; Ingsun anyembadani panyuwuné wong kang

وَاِذَا سَاَلَكَ عِبَادِيْ عَنِّيْ فَاِنِّيْ قَرِيْبٌ ۗ اُجِيْبُ
دَعْوَةَ الدَّاعِ اِذَا دَعَانِ ۙ

228. *Al-Qurân* punika naminipun Kitab Suci ingkang katurunaken dhateng Kanjeng Nabi Muhammad saw. sarta inggih kalayan nama punika kasebutaken Kitab Suci punika wonten ing wahyuning Pangéran. Tembung *Qurân* punika tembung lingga aran asli saking tembung kriya *qara-a*, ingkang tegesipun ingkang sapisan *nglempakakaken barang-barang ingkang dados satunggal* (LA, TA-LL). Tegesipun ingkang kaping kalih, inggih punika *maos* Kitab. Mila tembung wau kanggé nembungaken "maos," awit salebetipun maos, aksara tuwin tembung-tembung gandhèng-ginandhèng satunggal kaliyan satunggalipun miturut tatanan ingkang tartamtu (Rgh). Menggah ing sajatos-jatosipun nama Quran punika mengku teges asli kakalih wau sadaya, awit, ingkang sapisan, tembung wau gadhah teges *kitab klempakaning* sadaya Kitab-kitabipun Pangéran, alias panyilah ingkang kasebutaken déning Quran piyambak wonten ing 98: 3 tuwin ing panggènan sanèsipun (Rgh); kaping kalihipun, tembung "Qurân" wau ateges *kitab ingkang kawaos* utawi *ingkang mesthi kawaos*, jer Quran Suci punika *Kitab*, "ingkang katerangaken kanthi nyata; sami-sami kitab waosan, ingkang sakalangkung wiyar piyambak tebanipun" (*Én. Br*). Para mufassirin sami nyebutaken namanipun Quran Suci warni tigangdasa satunggal miturut pangandikanipun Quran Suci piyambak; ingkang wigatos piyambak inggih punika *Al-Kitâb*, utawi *Kitab*, tuwin *Adh-Dhikr*, utawi *Pépéling.*

229. Ing ngriki nyebutaken katrangan tigang prakawis bab Quran Suci; sapisan, Quran punika tuntunan tumrap sadaya manusa, milanipun Quran punika mengku piwulang ingkang tansah laras tumrap sawarnining tataranipun manusa ing pundi-pundi nagari tuwin ing sadhéngah jaman; kaping kalih, Quran punika mengku tandha yektining tuntunan ingkang sakalangkung kathah, dados ambuktèkaken kayektènipun punapa ingkang katerangaken piyambak; kaping tiga, kajawi tandha yekti Quran punika paring panyilah ingkang cetha, ingkang anyilahaken antawising yakti lan panggorohan, sarana andadosaken para angèstu sami saged ngraosaken wohing iman, tuwin tiyang ingkang sami angemohi ngraosaken wohipun ingkang awon anggènipun ngemohi yakti. Perang Badar ingkang ing 8: 41 kasebut *yaumul-Furqan,* utawi *dinten panyilah*, punika kelampahanipun inggih ing wulan Ramadlan.

nyuwun, yèn anyuwun marang Ingsun; mulané kuduné padha anyembadanana panguwuh-Ingsun lan padha angèstua ing Ingsun, darapon padha angambah dalan bener.[230]	فَلْيَسْتَجِيبُوا لِي وَلْيُؤْمِنُوا بِي لَعَلَّهُمْ يَرْشُدُونَ ١٨٦

230. Sasambetanipun ayat punika kaliyan ayat-ayat nginggilipun tuwin ngandhapipun, makaten: Siyam, ingkang mengku *nyegah sawarnining awon*, punika nyelakaken manusa dhateng tuking kasucian. Manusa, punika manawi saya celak kaliyan Ingkang-Mahasuci, inggih saya ageng pangajeng-ajengipun panyuwunipun dipun tampi wonten ing ngarsaning Gustinipun. Mila dipun riwayataken, Kanjeng Nabi punika manawi ing wulan Ramadlan saya nyarempeng sembahyangipun (Bkh), sarta pandhèrèkipun inggih dipun grètèhi supados nindakaken ingkang makaten wau (Muslim).

Bab prakawis donganipun tiyang ingkang konjem adhédhépé tinarimah, punika kasebutaken kanthi cetha wonten ing ayat punika. Namung gagandhèngan kalayan bab prakawis punika, kalih prakawis perlu kapèngetan ing ngriki. Sapisan, wonten raos, manawi donga punika kilap kathah kilap sakedhik radi wonten cengkahipun kaliyan paugeran "sedya kedah kagayuh kalayan migunakaken sarana ingkang mikantuki," milanipun raos punika lajeng nukulaken sagolonganing tiyang, ingkang babar pisan boten ngakeni ing dayaning donga, nanging ugi mahanani wontenipun sawenèh tiyang ingkang anggadhahi panganggep, manawi sampun andodonga lajeng sampun boten betah ngecakaken sawarnining sarana lahir kanggé anggayuh sedyanipun. Panganggep warni kalih wau lepat sadaya sarta sulaya kaliyan piwulangipun Islam ingkang sajati ing babagan dayaning donga. Déné menggah ing sajatos-jatosipun, ngecakaken tindak minangka sarana, kaliyan donga, punika gandhèng raket boten kénging pinisah. Sok tiyanga ingkang gadhah idham-idhaman badhé anggayuh satunggaling sedya, ingkang wiwitan piyambak kedah tumindak ngupados sarana ingkang perlu katindakaken, kanggé anggayuh sedya wau, makaten ugi piyambakipun kedah rékadaya ing sakiyat-kiyatipun, murih angsal margi ingkang sakinten kénging anggayuh gagayuhanipun wau. Nalika ngupados sarana wau piyambakipun kedah ngetokaken kakiyatan kanggé andumugèkaken sedyanipun, sarta anggolongaken pamanahipun mligi ngupados sarana ingkang saged andumugèkaken ing sedya wau. Ngeningaken cipta utawi ngencengaken tékad ingkang kados makaten punika, ing sawenèh panyuraos kénging winastan donga. Jalaran manawi kula sami punika nyarempeng ngupadosi punapa-punapa ingkang taksih sumingid saking kula sadaya sarta dèrèng sami kula sumerepi, punika sajatosipun kula sampun nama ngupados pitedah saking Kawasa Ingkang Mahaluhur, ingkang tumrap Panjenenganipun boten wonten barang ingkang sumingid kados kula sami punika. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, manawi ing salebetipun ngupados satunggaling barang pun jiwa nyarempeng dhumateng Ingkang paparing sadaya nugraha, sarta manawi saking anggènipun ngrumaosi badanipun apes tuwin boten saged anggayuh ingkang katuju saking kuwaosipun piyambak, lajeng nyuwun papadhang dhateng Tuk Ingkang Mahaluhur, pun jiwa wau nama kelem wonten ing dalem eninging cipta ingkang mangka panyuwun, sarta kawontenanipun ingkang kados makaten wau, menggah ing sajatos-jatosipun sampun kados tiyang ingkang nyunyuwun ing Pangéran. Namung wonten bédanipun makaten: tiyang ingkang tuhu wicaksana, inggih punika tiyangipun suci Pangéran, anggènipun nyunyuwun dhateng Panjenenganipun kanthi tata-krami ingkang mungguh tumrap Panjenenganipun, awit piyambakipun yakin manawi Panjenenganipun wau Tuking sadaya nugraha, makaten ugi donganipun punika adhadhasar yakin; nanging panyuwunipun tiyang ingkang katutupan mripatipun, punika namung kados déné mek-mekan wonten ing salebeting pepeteng, sarta donganipun wau namung awujud mikir-mikir tuwin nglimbang-nglimbang blaka. Dados tiyang ingkang nilar donga nalikanipun ngupados sarana saha boten purun nglimbang-nglimbang sacara nyunyuwun nalika lumampah ing marginipun, punika lepat sanget, boten prabéda kaliyan tiyang ingkang jalaran sampun andodonga lajeng boten purun migunakaken sarana ingkang mesthinipun kedah dipun tindakaken, punika inggih lepat.

Kaping kalihipun, kedah dipun èngeti bilih donga gadhah daya, punika boten teka lajeng ateges bilih sadaya sedya ingkang dipun suwun kadumugènipun déning manusa dhateng Pangéran, punika mesthi tumunten saged kagayuh. Bab punika sampun kacekakaken déning Quran Suci piyambak makaten: "Marang Panjenengané mesthiné panyuwunira, banjur Panjenengané bakal ambirat apa kang

187 Dikenakaké tumrapé sira ing wengining pasa anyedhaki para wong wadonira, dhèwèké iku sandhangan tumraping sira lan sira iku sandhangan tumraping dhèwèké;[231] Allah angudanèni yèn sira iku wus padha anyidrani awakira dhéwé,[232] mulané Panjenengané wus bali (paramarta-Né) marang sira lan angènthèngaké ing sira; mulané ing saiki padha parekana lan angupayaa apa kang wus kapacak déning Allah tumrapé sira, tuwin padha mangana lan ngombéa nganti tumekaning cethaning bédané putihing raina karo irengé wengi ing wayah gagat bangun[233] tumuli anyampurnakna

أُحِلَّ لَكُمْ لَيْلَةَ الصِّيَامِ الرَّفَثُ إِلَىٰ نِسَآئِكُمْ ۚ
هُنَّ لِبَاسٌ لَّكُمْ وَأَنتُمْ لِبَاسٌ لَّهُنَّ ۗ عَلِمَ
اللَّهُ أَنَّكُمْ كُنتُمْ تَخْتَانُونَ أَنفُسَكُمْ فَتَابَ
عَلَيْكُمْ وَعَفَا عَنكُمْ ۖ فَالْـَٰٔنَ بَاشِرُوهُنَّ
وَابْتَغُوا مَا كَتَبَ اللَّهُ لَكُمْ ۚ وَكُلُوا وَاشْرَبُوا
حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَكُمُ الْخَيْطُ الْأَبْيَضُ مِنَ الْخَيْطِ
الْأَسْوَدِ مِنَ الْفَجْرِ ۖ ثُمَّ أَتِمُّوا الصِّيَامَ إِلَى

---

padha sira suwun biraté, manawa Panjenengané kepareng" (6: 41); milanipun saged ugi sedya ingkang kasuwun murih kadumugènipun punika boten saged kagayuh. Malih: "Lan sayekti Ingsun temen bakal anyoba ing sira kalawan apa-apa, kayata wedi, lan luwé sarta kailangan bandha tuwin nyawa apa déné wowohan" (ayat 155); milanipun nadyan tiyang mukmin pisan mesthi mawi nandhang cobi tuwin rekaos, sarta piyambakipun kedah tansah sawega nandhang sawarnining pituna. Ananging boten prabéda kaliyan jampi, punika boten kénging dipun ungkiri menggahing kasiyatipun, dupèh boten mustajab kanggé anjampèni ing sadaya sasakit, lah makaten ugi kasiyatipun donga, punika inggih boten kénging dipun ungkiri, margi wonten sabab ingkang kados makaten wau.

231. Boten wonten gagambaran ingkang langkung éndah bab sasrawunganipun jaler kaliyan sémahipun, tuwin kasenengan ingkang sami dipun panggih lan malih anggènipun ayom-ingayoman satunggal dhateng satunggalipun, ngungkuli pratélanipun Quran ing ayat punika.

232. Andharanipun hadits ingkang gagandhèngan kaliyan ayat punika, makaten: ing sakawit para Muslimin sami nginten manawi ing kalanipun sami siyam, nadyan ing wanci dalu pisan kaawisan kempal kaliyan sémah-sémahipun; ananging tindak makaten punika, miturut AbM tiron saking titiyang Nasrani (Rz), sarta miturut pamanggihipun sadaya para mufassirin, boten awawaton dhawuh Quran, jalaran ing bab punika dhawuhipun Quran namung kados ingkang katerangaken ing ayat punika, inggih punika kapara malah anglepataken panginten wau saha nyingkiraken lampah kesangetan ingkang dipun jarag katindakaken déning para Muslimin wau piyambak.

233. *Khaith* punika ingkang asli *bolah* (*lawé*), nanging panganggénipun boten namung kawatesan samanten. Tembung خيط الرقبة (ingkang tegesipun wantah: *bolah ing gulu*) punika tegesipun: *balung ula-ula ing gitok* (S.Q.LL). خيط من الصبح ugi ateges: *bang-bang wétan* (TA-LL). Mila lajeng wonten tetembungan تبين الخيط من الخيط *wengi iku wus pratéla saka raina* (TA-LL). Mila الخيط الاسود ateges: *putihing gagat raina*, déné الخيط الا بيض *irenging wengi* (LL). Dados ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika plethèking bang wétan; sasampunipun wekdal punika nedha tuwin ngombé kaawisan, ngantos dumugi seraping surya.

Wonten masalah (pitakènan) wigatos, inggih punika: kados pundi tumrapipun nagari ingkang terkadhang dintenipun panjang sanget, cacak tiyang limrah boten badhé kiyat nyirik tedha wiwit gagat raina dumugi serapipun surya. kateranganipun: wonten hadits ingkang nyariyosaken bilih wonten sahabat Nabi ingkang nyuwun pirsa dhateng Kanjeng Nabi, bab prakawis sembahyang tumrap wonten

الَّيْلِ ۚ وَلَا تُبَاشِرُوْهُنَّ وَاَنْتُمْ عٰكِفُوْنَ ۙ
فِى الْمَسٰجِدِ ۗ تِلْكَ حُدُوْدُ اللّٰهِ فَلَا تَقْرَبُوْهَا ۗ
كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ اللّٰهُ اٰيٰتِهٖ لِلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَتَّقُوْنَ ١٨٧

pasa tekan wengi, sarta aja mareki dhèwèké samangsané sira mempeng ing jero masjid;[234] iki aweraning Allah, mulané aja sira cedhak-cedhak. Kaya mangkono Allah, anyethakaké timbalan-timbalan-É marang para manusa, darapon padha bektia.

وَلَا تَاْكُلُوْٓا اَمْوَالَكُمْ بَيْنَكُمْ بِالْبَاطِلِ وَتُدْلُوْا
بِهَآ اِلَى الْحُكَّامِ لِتَاْكُلُوْا فَرِيْقًا مِّنْ اَمْوَالِ
النَّاسِ بِالْاِثْمِ وَاَنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ١٨٨ ع

188 Lan aja sira padha mangan bandhanira ing antaranira kalawan laku ora bener sarta (iya aja) padha amingsusungaké iku marang kang nyekel bebeneran kang supaya sira padha bisa mangan sapéranganing bandhané manusa kalawan laku dosa, kang mangka sira padha weruh.[235]

RUKU' 24

Perang panangulang

189. Wulan-wulan ingkang kanggé dagang sarta jiyarah haji. 190-193. Perang, perlu minangka panjagi sarta kanggé anetepaken kamardikaning agami. 194. Wulan-wulan suci kedah boten dipun terak. 195. Mupu wragading panjagi dhiri punika perlu. 196. Alangan-alanganipun jiyarah haji.

يَسْـَٔلُوْنَكَ عَنِ الْاَهِلَّةِ ۗ قُلْ هِيَ مَوَاقِيْتُ

189 Dhèwèké padha takon marang sira parakara tanggal. Calathua: iku waktu kang padha

ing dinten, ingkang dangunipun sami kaliyan setaun utawi sewulan; dipun riwayataken Kanjeng Nabi maringi wangsulan, bilih tiyang kedah mawi ukuran miturut dintenipun para sahabat wau (Muslim-Msb). Awawaton hadits punika, dados manawi tiyang dudunung wonten ing nagari-nagari ingkang dintenipun panjang sanget, punika wancinipun siyam kénging dipun pétang miturut sapinten dangunipun dinten ing nagari Madinah, utawi andanakaken tedha samurwating tedhanipun tiyang satunggal, dhateng tiyang miskin saben dinten siyam, inggih kénging. Nanging langkung prayogi, manawi sakintenipun saged, dipun srantosaken ngantos ing dinten ingkang langkung celak.

234. Ingkang dipun karsakaken inggih punika tiyang ingkang nyingkur kadonyan salebetipun sadasa dinten ing wekasaning wulan Ramadlan, mempeng wonten ing masjid rinten dalu. Tindak makaten punika dipun wasthani *i'tikâf*. Nanging punika namung kautamen, boten wajib.

235. Awisan mendhet baranging ngasanès kalayan boten absah, punika mathis sanget dados sambetipun dhawuh bab siyam, jalaran tiyang siyam makaten nyirik samukawis ingkang pancènipun piyambakipun gadhah wewenang migunakaken kanthi absah, sarta anggènipun tumindak makaten wau karana andhèrèk dhawuhipun Pangéran. Menggah ing sajatos-jatosipun, siyam punika nyagedaken tiyang mangrèh hawa nafsunipun, sarta samangsa tiyang punika saged mangrèh hawa nafsunipun, pangangsa-ngangsa badhé mendhet barang ing ngasanès ingkang kalayan boten leres, punika inggih lajeng sirna.

tinamtu tumrap (kauntunganing) manusa sarta kanggo jiyarah haji,[236] lan dudu kautaman anggonira malebu ing omah saka ing buritané,[237] ananging kautaman iku *yèn wong* anjaga (awaké saka ing ala); lan malebua ngomah metu ing lawangé sarta padha di bekti ing Allah, darapon sira padha begja.

Ar. *sapa sing*

لِلنَّاسِ وَالْحَجِّ ۗ وَلَيْسَ الْبِرُّ بِأَنْ تَأْتُوا
الْبُيُوتَ مِنْ ظُهُورِهَا وَلَٰكِنَّ الْبِرَّ مَنِ اتَّقَىٰ ۗ
وَأْتُوا الْبُيُوتَ مِنْ أَبْوَابِهَا ۚ وَاتَّقُوا اللَّهَ
لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿١٨٩﴾

190 Lan padha peranga ing dadalaning Allah karo para kang merangi sira lan aja angliwati wates; sayekti Allah iku ora tresna marang wong kang padha ngliwati wates.[238]

وَقَاتِلُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ الَّذِينَ يُقَاتِلُونَكُمْ وَلَا
تَعْتَدُوا ۚ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْمُعْتَدِينَ ﴿١٩٠﴾

---

236. Pitakènan ingkang boten cetha punika kacethakaken déning dhawuh wangsulanipun. Bangsa Arab anggadhahi tatacara, sawenèh wulan punika kaanggep suci, sarta ing salebetipun wulan-wulan wau, memengsahan ingkang dikados punapa kémawon sangetipun dipun kèndeli, katentreman nglimputi saindhenging nagari, temahan dadagangan saged tumindak kanthi tentrem tanpa wonten ingkang ngarubiru. Ing salebeting wulan-wulan punika ugi, mangsanipun para titiyang sami nindakaken jiyarah haji dhateng papan Suci Makkah. Rèhning ingkang kawarsitakaken ing ruku' punika dhawuh-dhawuh ingkang gagayutan kaliyan bab prakawis perang, milanipun sampun mungguh sanget ing ngriki nyebutaken pitakènan ingkang gagayutan kaliyan wulan-wulan suci, ingkang lajeng kacethakaken wonten ing ayat 217. Déné dhawuh wangsulanipun angakeni ing kasunyatanipun wulan-wulan wau, jalaran kasucianipun wulan-wulan wau saged suka paédah wadhag dhateng tiyang kathah, margi dadagangan saged tumindak terus, tuwin paédah ruhani, inggih punika nindakaken jiyarah haji.

237. Bangsa Arab punika bangsa ingkang gugontuhon. Manawi wonten tiyang gadhah sedya ingkang wigatos, mangka boten saged kadumugèn, piyambakipun mesthi lajeng boten purun medal konten manawi lumubet ing griyanipun, nanging lumebet saking wingking, sarta anggènipun nindakaken cara makaten wau ngantos setaun (Hasan, Asamm-Rz). Rèhning ing sapunika para Muslimin punika badhé tinanggenah ing wajib ingkang sakalangkung awrat, inggih punika: anjumenengaken kamardikan nglampahi agami wonten ing nagari ingkang kebak panganiaya, ingkang mesthinipun anjalari para Muslimin sami badhé nandhang sarupining rekaos, mila sami dipun dhawuhi sampun ngantos sami nindakaken tatacara gugon tuhon Arab kina. Kosokwangsulipun sami dipun dhawuhi, bilih ingkang mangka usada ing salebetipun sami nandhang rekaos, punika tetep puguh wonten ing katulusan.

Sawenèh mufassirin gadhah paham manawi lumebet griya saking wingking, punika ateges malèncèng saking margi ingkang leres, déné medal konten, punika ateges tetep wonten ing margi ingkang leres (Rz). Utawi ingkang dipun karsakaken punika tatacara ingkang sampun kaprah nalika jaman Jahiliyah, inggih punika manawi mentas jiyarah haji lumebetipun dhateng griya saking wingking (Bkh).

238. Rabi' tuwin Ibnu Zaid sami anggadhahi pamanggih bilih ayat punika wahyu ingkang ngidini perang, ingkang tumurunipun rumiyin piyambak (Rz). Sanèsipun malih mastani ingkang rumiyin piyambak inggih punika 22: 39 (Rz). Kilap pundi ingkang leres, saprakawis sampun cetha, inggih punika ayat punika salah satunggalipun dhawuh ing babagan punika, ingkang tumurunipun rumiyin piyambak. Bab perang punika wonten ing ngriki kawarsitakaken wonten nem ayat, kasigeg wonten ing ayat 195, dipun ambali malih wonten ing ruku'-ruku' candhakipun. Wonten saprakawis ingkang melok, inggih punika dhawuh *perang wonten ing marginipun Allah*, punika ingkang asring kasebutaken gagandhèngan kaliyan bab ngibadah haji, kadosta ingkang kasebut ing ayat tuwin ing surat ingkang

kaping 3 saha kaping 22. Kawontenanipun punika kénging kanggé wawaton nyaring bobontosaning paham, kados déné ingkang asring kasebutaken kanthi cetha punika, inggih punika: perang punika anggènipun dipun idini utawi dipun dhawuhaken, minangka kanggé sarana rumeksa dhiri tuwin kanggé ngèndeli panganiaya ingkang sabab saking nglampahi satunggaling agami. Ngibadah haji dhateng nagari Makkah, inggih punika salah satunggaling dhasar tatalesipun agami Islam sekawan warni, punika tangèh lamun saged katindakaken, sadangunipun papan suci wau taksih wonten ing tanganipun para kafir, ingkang sami nundhung para Muslimin saking Makkah kalayan panganiayanipun ingkang sakalangkung wengis punika. Syarat ingkang angka satunggal tumrap *perang ing dalem marginipun Allah*, inggih punika para Muslimin namung kénging perang lumawan "para kang merangi sira." Dhawuh punika sampun cetha sanget anedahaken bilih perangipun para Muslimin punika kanggé *rumeksa dhiri*, dados sampun boten perlu dipun wewahi katerangan malih. Dhawuh punika anedahaken, bilih para mengsah ingkang miwiti nganggé dadamelipun kanthi mengku sedya badhé nyirnakaken Islam, sarta kawontenan punika nyata kaseksèn ing babad. Inggih awit saking punika anggènipun para Muslimin dipun idini perang punika. Salajengipun syarat wau anedahaken bilih para titiyang èstri, laré alit tuwin titiyang sepuh ingkang boten saged nganggé dadamelipun lumawan para Muslimin, punika sami boten kénging dipun ganggu damel (Rz). Makaten ugi para pandhita tuwin para mara-tapa inggih sami dipun kejawèkaken kados makaten wau. Miturut syarat-syarat anyar para titiyang limrah ingkang boten sami tumut perang, ing kitha-kitha lan ing padhusunan-padhusunan, inggih boten kénging dipun arubiru, jalaran ingkang kedah dipun perangi punika ngemungaken para titiyang ingkang tumut perang kémawon. Syarat ingkang kaping kalih, para Muslimin boten kénging mlangkah saking wawates perlunipun perang. Pitedah punika perlu sanget tumrap satunggaling umat ingkang dados lésaning panganiaya ingkang sakalangkung wengis tuwin tindak sawiyah-wiyah ingkang sakalangkung sanget, saking pandamelipun para tukang nganiaya, ingkang umbaran tanpa winengku ing angger-angger tuwin panguwaos, ingkang kawasa mangrèh piyambakipun murih boten sami nglangkungi wates. Manawi para Muslimin angsal kamenangan, lajeng nandukaken wawales dhateng ingkang naté nganiaya piyambakipun, punika sajatosipun tasih nama satrepipun kémawon. Éwadéné para Muslimin wau dipun paringi pèpènget ing sadèrèngipun, sampun ngantos sami langkah ing wates perlunipun perang.

Pitedah punika dipun èstokaken sayektos déning para Muslimin. Para Muslimin boten naté dados tukang nyerang langkung rumiyin. Nalika perangipun ingkang sapisan, para Muslimin kepeksa perang tandhing wadyabala ingkang sumedya nempuh Madinah, wonten ing panggènan ingkang namung lampahan tigang dinten saking kitha wau. Wonten ing sadaya paperanganipun, para Muslimin namung mejahi utawi nawan mengsah ingkang asikep dedamel, boten naté damel bencana dhateng para èstri, laré alit utawi tiyang sepuh ingkang tanpa daya, sanajan ta titiyang èstri tuwin laré-laré Muslimin sami dipun pejahi kalayan sawiyah-wiyah déning mengsah-mengsahipun ingkang ambeg wengis. Saupami para Muslimin tumindak makaten wau, yekti lajeng nama langkah saking perlunipun perang tuwin langkah saking wates ingkang sampun katamtokaken ing sadèrèngipun.

Dipun pèngetana bilih inggih *perang karana rumeksa dhiri* punika, ingkang dipun wastani *perang wonten ing margining Allah* punika. Perang karana badhé mencaraken agami, punika sapisan kémawon boten naté kasebutaken wonten ing dalem Quran, wangsul punika namung damel-damelaning gagasanipun para guru agami Nasrani. Gethingipun Islam dhatang perang, punika saged katitik saking anggènipun boten marengaken para Muslimin lumangsah perang, kajawi manawi Islam kaancam ing babaya. Sabab-sabab ingkang murugaken perang tumrap nagari-nagari ingkang sampun majeng, punika sampun wonten tumrap para Muslimin nalika jaman samanten. Nanging sabab-sabab wau dèrèng kaanggep cekap kanggé santolan nuwuhaken peperangan.

Dhawuh bab perang kagelaraken wonten ing surat punika, punika kanggé anedahaken membatipun dhawuh-dhawuh wau, manawi katandhing kaliyan angger-angger Yahudi. Bab sapisan ingkang perlu katandhingaken makaten: Miturut angger-angger Yahudi perang punika kadhawuhaken kanggé nundhung satunggaling umat saking nagari padununganipun, ingkang sampun maatus-atus taun laminipun dados darbèkipun ingkang absah: dados ingkang miwiti nganggé dadamelipun punika sanès mengsahipun. Ing dalem Islam para Muslimin kaawisan perang, kajawi manawi kanggé nanggulangi mengsah ingkang ngrumiyini nganggé dadamelipun. Bab ingkang kaping kalih ingkang kosokwangsul, inggih punika bab prakawis garapipun dhateng mengsah. Para Muslimin dipun awisi lampah saking watesing perlunipun perang; dados, wonten ing paperanganipun para Muslimin, boten namung para èstri, laré alit tuwin tiyang ingkang sampun sepuh kémawon ingkang wilujeng, nanging dalasan

191 Lan padha patènana dhèwèké ing ngendi enggonira ketemu[239] sarta padha tundhungen saka ing ngendi panundhungé marang sira,[240] panganiaya[241] iku luwih abanget tinimbang perang lan aja

وَاقْتُلُوْهُمْ حَيْثُ ثَقِفْتُمُوْهُمْ وَاَخْرِجُوْهُمْ
مِّنْ حَيْثُ اَخْرَجُوْكُمْ وَالْفِتْنَةُ اَشَدُّ مِنَ

padunungpanipun mengsah, makaten ugi pategalanipun, sabinipun tuwin barang ingkang sanès-sanèsipun inggih sami wilujeng boten karisak. Ananging wonten ing paperanganipun bangsa Yahudi, tiyang jaler, tiyang èstri tuwin laré alit sadaya sami dipun pejahi, kitha-kitha sami dipun risaki. Mengggah ing sajatos-jatosipun perang cara Yahudi, punika perang tutumpesan, utawi perang numpes, nanging perang cara Islam, punika katindakaken sarana rumeksa dhiri *sampun ngantos katumpes* déning mengsah.

Perangipun sawenèh bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani ing Éropa, punika langkung ngèmperi perang cara Yahudi katimbang kaliyan perang cara Islam, nadyan bangsa-bangsa wau ngakenipun sampun anggadhahi kamajengan ingkang inggil.

239. Mejahi mengsah wonten ing pundi kémawon pinanggihipun, punika sanès prakawis ingkang anèh samangsa wonten ing salebeting kawontenan perang; suprandéné déning para panyela dhateng Islam dhawuh ingkang pasaja punika dipun suraos ingkang anèh-anèh sanget. Ayat punika manawi kacundhukaken kaliyan ayat ingkang sapisan, lajeng mungel makaten: *Padha peranga karo para kang merangi sira, sarta padha patènana dhèwèké ing ngendi enggonira ketemu.* Punapa bangsa-bangsa ingkang sampun majeng punika manawi peperangan kèndel-kèndelan kémawon dhateng mengsahipun? Rz ngandika: "*Dlamir* ing dalem dhawuh *padha patènana dhèwèké*, punika ingkang dipun karsakaken para titiyang ingkang kadhawuhaken supados dipun perangi wonten ing ayat ingkang sampun." Menggah ing sajatos-sajatosipun, boten saged sanès ingkang dipun karsakaken dhawuh wau, kajawi inggih para titiyang wau; makaten ugi tiyang kafir umumipun, inggih sanès ingkang dipun karsakaken, awit ayat-ayat ingkang sampun tuwin ruku'-ruku' ingkang sampun boten wonten ingkang nyebutaken para kafir ing saumumipun.

240. Dhawuh punika nerangaken sedyaning perangipun para Muslimin ingkang wekasan piyambak: *lan padha tundhungen saka ing ngendi panundhungé marang sira.* Para tukang nganiaya nundhung para Muslimin saking griya-griyanipun ing Makkah tuwin saking masjid suci ing ngriku, ingkang ing sapunika dados punjering para Muslimin. Dados para Muslimin punika kadhawuhan perang kaliyan para ingkang nganiaya dhateng piyambakipun, sadangunipun barang ingkang karebat kanthi rudaparipeksa déning para tukang ingkang nganiaya wau dèrèng kajabel wangsul. Salajengipun dhawuh punika nedahaken bilih para mengsah boten kénging katumpes, kéngingipun namung karebat wangsul barang-barangipun ingkang angsalipun kanthi lampah ingkang boten absah.

241. Tembung ingkang kula jarwani panganiaya punika tembung *fitnah*, ingkang asalipun ateges *ambesmi kalayan latu,* ingkang lajeng ateges: *kasusahan, kasangsaran, rekaos, mejahi, amblasukaken utawi nasaraken* tuwin *malèncèngaken saking iman kanthi sarana punapa kémawon* (LL). Quran nerangaken kanggènipun tembung *fitnah wau kasebut ing ayat* 217: "Padha takon marang sira ing prakara sasi suci – prakara perang sajroné iku. kandanana: Perang ing sajroné, iku prakara gedhé; lan angedohaké ing manusa saka ing dadalané Allah – lan angafiri Panjenenganė – lan saka masjid suci, apa déné anundung wongé saka ing kono, iku mungguhing Allah luwih gedhé, lan panganiaya iku luwih gedhé tinimbang matèni." Ing ngriku kacetha tembung *ftnah* punika sami kaliyan *nebihaken manusa saking marginipun Allah tuwin saking masjid suci, tuwin kafir ing Allah sarta anundung manusa saking masjid suci;* dados terang ateges panganiaya ingkang kasandhang déning para Muslimin. Pangandikanipun Ibnu 'Umar kados ing ngandhap punika nerangaken tegesipun tembung *fitnah* wau. *Titityang Muslimin sakedhik sanget cacah jiwanipun, mila asring dipun kaniaya margi anggènipun ngrungkebi agaminipun, kadosta dipun pejahi utawi dipun siksa, ngantos sareng agami Islam menang lajeng boten wonten fitnah – inggih punika panganiaya – malih* (Bkh). Wondéné maksudipun, perlu kanggé nerangaken bilih sadaya tiyang ingkang nganiaya para Muslimin, punika kaanggep mengsah, jalaran nganiaya golongan ingkang ringkih punika mahanani temahan ingkang langkung nyisahaken katimbang perang.

sira amerangi dhèwèké ana ing Masjid Suci kajaba yèn dhèwèké amerangi sira ana ing kono,[242] ananging manawa dhèwèké amerangi sira lah padha patènana; kaya mangkono iku piwalesé para wong kang kafir.

الْقَتْلِ ۚ وَلَا تُقٰتِلُوْهُمْ عِنْدَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ حَتّٰى يُقٰتِلُوْكُمْ فِيْهِ ۚ فَاِنْ قٰتَلُوْكُمْ فَاقْتُلُوْهُمْ ۗ كَذٰلِكَ جَزَآءُ الْكٰفِرِيْنَ ﴿١٩١﴾

192 Ananging manawa banjur padha anglèrèni, sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[243]

فَاِنِ انْتَهَوْا فَاِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿١٩٢﴾

193 Lan padha perangana nganti panyiya-nyiya ora ana, wondéné agama iku kagungané Allah;[244]

وَقٰتِلُوْهُمْ حَتّٰى لَا تَكُوْنَ فِتْنَةٌ وَّيَكُوْنَ الدِّيْنُ لِلّٰهِ ۗ

---

242. Kasucianipun tanah Makkah boten kénging dipun terak déning para Muslimin, sanadyan wonten ing ngriku para Muslimin nandhang kasusahan ingkang sakalangkung sanget. Nanging makaten wau manawi tiyang kafir boten nyerang langkung rumiyin sarta boten merangi para Muslimin wonten ing tanah suci.

243. Kapèngetana dhawuhipun Islam bab perang ingkang momot punika. Kaum Muslimin kadhawuhan nyèlèhaken dadamelipun, manawi para mengsah kèndel anggènipun merangi. Titiyang kafir ngalapa piguna saking dhawuh makaten wau, sarana nandukaken apus dhateng para Muslimin: "Dhèwèké, para kang padha aprajanjian karo sira, banjur padha angrusak prajanjiné marambah-ramabah" (8: 56).

244. Tegesipun tembung *fitnah* sampun katerangaken wonten ing katrangan angka 241. Manawi panganiaya sampun sirep, tuwin peksan nganggé utawi ambucal satunggaling agami inggih sampun boten wonten, salajengipun manawi sadaya tiyang mardika ngrungkebi sadhéngah agami ingkang yekti miturut kayakinanipun piyambak-piyambak, kanthi karana Allah, perang inggih kedah kèndel. Dhawuh sambetipun saged nyethakaken panyuraos punika: "Nanging manawa padha anglèrèni" saking anggènipun adamel susah dhateng titiyang ingkang sami ngrasuk Islam sarana panganiayanipun ingkang wengis, sami sanalika para Muslimin kedah ngèndeli anggènipun merangi para titiyang wau, tuwin memengsahan kaliyan sintena kémawon kedah boten dipun lajeng-lajengaken, kajawi kaliyan titiyang ingkang taksih nandukaken panganiaya.

Manawi kacocogaken kaliyan 22: 40, tétéla manawi makaten wau panyuraos ingkang leres. Ing ngriku katerangaken kalayan cetha punapa ingkang kasedya perangipun para Muslimin, makaten: "Lan lamun ora anaa pambéngkasing Allah marang manusa kang sawenèh déning sawenèhé, amesthi bakal lebur wihara-wihara lan gréja-gréja tuwin pasembayangan-pasembayangan Yahudi apa déné masjid-masjid, kang ing kono iku asmané Allah tansah sinebut-sebut." Punika anedahaken bilih anggènipun para Muslimin sami perang punika boten namung karana rumeksa masjid-masjid, nanging ugi karana rumeksa gréja-gréja tuwin pasembayangan-pasembayangan Yahudi, malah inggih wihara-wiharanipun para pandhita punapa. Maksud ingkang makaten punika ugi katerangaken ing ngriki, ing dhawuh يَكُوْنَ الدِّيْنُ لِلّٰهِ ۗ ingkang ngemungaken ateges, bilih *agami punika kedah ngemungaken karana Allah*, dados peksan ing dalem prakawis agami kedah boten wonten (ayat 256), tuwin sok tiyanga mardika nganggé agami punapa kémawon ingkang dipun senengi. Pranyata, ayat punika masang tatalesing kamardikan nglampahi agami ingkang sakalangkung jembar, ingkang boten pinanggih wonten ing pundi kémawon.

Perlu ugi dipun pèngeti, saupami dhawuh wau dipun suraos bilih peperangan punika kedah katerusaken ngantos manawi agaminipun Allah utawi agami Islam piyambak ingkang lastantun wonten, manawi makaten, yekti ayat-ayat ingkang andhawuhaken para Muslimin ngèndeli anggènipun

ananging manawa banjur padha anglèrèni, iya banjur aja ana mumungsuhan, kajaba marang para kang padha nganiaya.[245]

فَإِنِ انْتَهَوْا فَلَا عُدْوَانَ إِلَّا عَلَى
الظَّالِمِينَ ﴿١٩٣﴾

194 Sasi suci iku kalawan sasi suci, sarta samubarang kang suci iku (miturut angger-anggering) wawales; mulané sing sapa amlangkah wates agawé pitunanira lah iya agawéa pitunané satimbang karo anggoné agawé pituna ing sira lan padha di bekti ing Allah sarta padha weruha, yèn Allah iku anyartani para kang padha bekti.[246]

الشَّهْرُ الْحَرَامُ بِالشَّهْرِ الْحَرَامِ وَالْحُرُمَاتُ
قِصَاصٌ ۚ فَمَنِ اعْتَدَىٰ عَلَيْكُمْ فَاعْتَدُوا
عَلَيْهِ بِمِثْلِ مَا اعْتَدَىٰ عَلَيْكُمْ ۚ وَاتَّقُوا
اللَّهَ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ مَعَ الْمُتَّقِينَ ﴿١٩٤﴾

195 Lan padha uruna ing dadalaning Allah sarta aja padha

وَأَنْفِقُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَلَا تُلْقُوا بِأَيْدِيكُمْ

memengsahan, manawi sampun aprajanjian bedamèn kaliyan mengsah utawi manawi para mengsah ngèndeli anggènipun merangi, punika sadaya lajeng atanpa teges. Panyuraos kados makaten wau boten namung cecengkahan kaliyan ayat-ayating Quran Suci sanès-sanèsipun kémawon, nanging ugi sulaya kaliyan ingkang kasebut ing babad, jalaran asring kémawon Kanjeng Nabi damel prajanjian bedamèn kaliyan titiyang kafir. Pangandikanipun Ibnu 'Umar saged suka papadhang ing dalem bab punika. Nalika panjenenganipun dipun ajak anggolong dhateng salah satunggaling golongan Muslimin kakalih ingkang ing nalika wekdal wau sami peperangan, pangandikanipun: "Kowé padha arep perang nganti manawa panganiaya lan agama iku dadi karana saliyané Allah" (Bkh). Ingkang peperangan wau sami déné tiyang Muslimin, dados sintena kémawon ingkang menang, boten wonten kakuwatosan badhé waradinipun kakafiran, mila suraosipun tembung *agami dados karana sanèsipun Allah* punika boten sanès inggih *icaling kamardikan nganggé agami.* Dados dhawuh: *agama iku kagungané Allah*, punika namung mengku teges *kamardikan nganggé agami jumeneng wonten ing bumi*.

245. Tembung *'udwân* ing ngriki, tuwin tembung *i'tidâ*; ingkang dipun agem ngantos kaping tiga wonten ing ayat sambetipun, punika limrahipun ateges *nglangkungi wates ingkang samesthinipun.* Mila tembung wau lajeng kanggé nembungaken *tindak dédé utawi tindak lepat.* Nanging siksa ingkang katumrapaken dhateng tiyang ingkang dosa atindak dédé, punika ugi kasebut *i'tidâ*; jalaran "tarkadhang punika sarana lampah panyerang tarkadhang dumunung wawales" (LL). Rgh nerangaken tembung *i'tidâ* ing ngriki ateges: *males* utawi *midana miturut pandamelipun ingkang lepat.* Pidananipun piawon katembungaken mawi namanipun piawon wau, punika sampun dados cara (idiom) ingkang asring kanggé wonten ing Quran Suci tuwin ing kapustakan Arab. Kateranganipun ingkang langkung panjang mirsanana katrangan angka 27. Dhawuh ingkang mungel *kajaba marang para kang padha nganiaya*, punika mengku teges, bilih memengsahan punika namung kénging kalajengaken kaliyan para tukang nganiaya, dados manawi sami ngèndeli anggènipun nganiaya, memengsahan kaliyan para titiyang wau inggih kedah dipun kèndeli.

246. Punika sami kaliyan ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat 191. Manawi mengsah nerak kasucianipun wulan suci sarta ngrumiyini nyerang para Muslimin ing salebetipun wulan sami, para Muslimin inggih dipun idini nglawan perang ing salebetipun wulan suci. Kaprahipun nandukaken wawales ingkang boten nglangkungi kaliyan tindak panyerang ingkang miwiti, punika ing dalem sadaya prakawis barang suci, dipun kaparengaken; jalaran tumrap prakawis punika, kèndel-kèndelan punika nama nganyut tuwuh. Dhawuh punika boten naté kasuwak lan boten naté dipun terak déning dhawuhipun Kanjeng Nabi. Mirsanana katerangan angka 278. Wulan ingkang kaanggep suci punika wonten sekawan, inggih punika: Rajab, Dhulqa'idah, Dhulhijjah lan Muharram.

anibakaké awakira ing kasangsaran kalawan tanganira dhéwé tuwin agawéa becik (ing liyan); sayekti Allah iku anresnani para kang agawé becik (ing liyan).[247]

إِلَى التَّهْلُكَةِ ۛ وَأَحْسِنُوا ۛ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ ﴿١٩٥﴾

196 Lan padha anyampurnakna jiyarah haji lan ‘umrah[248] karana Allah, ananging manawa sira olèh

وَأَتِمُّوا الْحَجَّ وَالْعُمْرَةَ لِلَّهِ ۚ فَإِنْ أُحْصِرْتُمْ

---

247. Jalaran manawa sira iku ora gelem tutulung sarana mènèhaké bandhanira marang umat golonganira, mangka sira ditempuh ing mungsuh, uripira mesthi kaancam ing babaya. Dadi anggonira ora tutulung mèlu nglabuhi umat golonganira, iku satemené jeneng anjarag nibakaké awakira dhéwé marang kacilakan.

[248] 248. *Hajj* lan ‘*umrah* punika wonten bédanipun sakedhik. Limrahipun ‘*umrah* punika dipun tegesi *ngibadah haji cilik*, nanging langkung leres manawi dipun tegesi *jiyarah*. ‘*Umrah* punika kénging katindakaken ing sadhéngah wekdal, nanging *hajj*, *ngibadah haji ingkang deles,* namung kénging katindakaken wonten ing wekdal ingkang tartamtu. Satengah saking uba-rampénipun ngibadah haji deles, kedah mawi kèndel wonten ing ara-ara Arafat, nanging tumrapipun ‘*umrah* kénging boten. Dados rukunipun *hajj* punika: *Ihram, thawâf* utawi ngubengi Ka’bah, *Sa’i* utawi lumajeng wonten ing antawisipun Shafa lan Marwah, tuwin kèndel wonten ing Arafat. Déné rukunipun ‘*umrah* cekap ingkang kasebut kaping sapisan, kaping kalih lan kaping tiga. Tumrap kalih-kalihipun, inggih punika *hajj* lan *‘umrah,* wonten pasulayaning pamanggih, kedah lan botenipun, nyukur rambut ing sasampunipun nindakaken upacara wau sadaya, inggih punika lekas ingkang namung mengku teges bilih ngibadah haji sampun nama rampung.

Ngibadah haji punika ngamal ngibadah ingkang mangka tatalesing Islam ingkang kaping sekawan utawi ingkang pungkasan piyambak, sarta menggah ing sajatos-jatosipun, ngibadah haji punika tataran ingkang inggil piyambak tumrap kamajenganipun tiyang ingkang lalampah ing margining ruhani, ing donya punika. Rukunipun ngibadah haji ingkang sapisan, *Ihram*, punika minangka pralambang medhot sadaya sasambetan kaliyan donya. Sawarnining panganggé, dalasan ingkang awis reginipun tuwin ingkang manut gagrag anyar, ingkang asring kémawon damel kelèntu, dipun anggé ngukur kawontenaning jiwanipun tiyang ing nglebet, kabucal; para ingkang sami ngibadah haji namung manganggé awujud panganggé kalih lembar, ingkang tanpa wonten jrumatanipun, kanggé nutupi badanipun dhateng Gustinipun, piyambakipun samekta ambucal sadaya sasambetan ingkang asor. Rukunipun haji sanèsipun ingkang wigatos, inggih punika ngubengi Ka’bah, kawastanan *thawwâf*, tuwin lumajeng ing antawisipun Shafa lan Marwah, kawastanan *sa’i;* punika sadaya kawedharipun ing lahir urubing latu katresnan dhateng Pangéran ingkang murub wonten ing dalem manah, awit saking punika, boten prabéda kalayan lekasipun tiyang ingkang gandrung, piyambakipun tansah ngubengi griyanipun tiyang ingkang dipun gandrungi. Menggah ing sajatos-jatosipun, piyambakipun ngatingalaken bilih piyambakipun sampun masrahaken awakipun kalayan ambabar pisani, dhateng Gustinipun ingkang sakalangkung dipun tresnani, tuwin ngurbanaken kaperluwanipun piyambak kagem Panjenenganipun.

Manawi lampah makaten wau dipun wastani “upacara tuwin ubarampé ingkang kados pratingkahipun laré alit,” kados déné anggènipun mastani parang tiyang Nasrani, lah punika boten namung nama ngina dhateng titiyang ingkang ngibadah haji, ingkang kados Gusti Yesus rupinipun punika, nanging ugi nama maiben bilih tresna ing Allah punika boten namung kandheg ing lésan kémawon. Bab prakawis nucup séla cemeng boten nama cengkah kaliyan tauhid (pangandel dhateng mahatunggalipun Pangéran), punika sampun katerangaken ing katrangan angka 191; minangka pasaksèn, kula aturaken ing ngriki pangandikanipun Bagéndha ‘Umar ingkang makaten: “ Satemené aku wis weruh yèn kowé iku mung watu kowé ora bisa awèh piguna lan ora bisa gawé lan pituna ing donya, sarta saupama aku iku ora weruh Kanjeng Nabi ngaras kowé, yekti aku ora arep nucup kowé” (Msh).

alangan,[249] lah awèha dhendhan apa kang gampang olèhé[250] sarta aja anyukur sirahira nganti dhendhan iku tumeka ing panggonané; ananging sira, sapa sing lara utawa duwé reribed ing sirahé, kena ing panebus asarana pasa utawa sadakah utawa kurban; lah manawa sira padha aman,[251] sapa sing angalap paédah angumpulaké ‘umrah karo jiyarah haji,[252] ya anggawaa dhendhan apa sing gampang olèhé; ananging sapa sing ora bisa olèh (padhendhan apa baé) lah puwasaa telung dina ing sajroné jiyarah haji sarta pitung (dina) yèn sira wis padha bali;[253] iki (dadi) ganep sapuluh (dina); mangkono iku tumrap sapa sing kulawargané ora ana ing Masjid Suci[254] lan padha dibekti ing Allah sarta padha weruha, yèn Allah iku abanget pamalesé (marang ala).

فَمَا اسْتَيْسَرَ مِنَ الْهَدْيِ ۚ وَلَا تَحْلِقُوْا
رُءُوْسَكُمْ حَتّٰى يَبْلُغَ الْهَدْيُ مَحِلَّهٗ ۗ
فَمَنْ كَانَ مِنْكُمْ مَّرِيْضًا اَوْ بِهٖٓ اَذًى مِّنْ
رَّاْسِهٖ فَفِدْيَةٌ مِّنْ صِيَامٍ اَوْ صَدَقَةٍ
اَوْ نُسُكٍ ۚ فَاِذَآ اَمِنْتُمْ ۗ فَمَنْ تَمَتَّعَ بِالْعُمْرَةِ
اِلَى الْحَجِّ فَمَا اسْتَيْسَرَ مِنَ الْهَدْيِ ۚ فَمَنْ
لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ ثَلٰثَةِ اَيَّامٍ فِى الْحَجِّ وَ
سَبْعَةٍ اِذَا رَجَعْتُمْ ۗ تِلْكَ عَشَرَةٌ كَامِلَةٌ ۗ
ذٰلِكَ لِمَنْ لَّمْ يَكُنْ اَهْلُهٗ حَاضِرِى الْمَسْجِدِ
الْحَرَامِ ۚ وَاتَّقُوا اللّٰهَ وَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ
شَدِيْدُ الْعِقَابِ ﴿١٩٦﴾ ع

RUKU’ 25

Jiyarah haji sarta para tiyang ingkang adamel risak

197-203. Lajenging papacakipun jiyarah haji. 204-206. Mengsah ingkang ambidho api rowang, adamel risak. 207-209. Sumarah babar pisan punika perlu. 210. Para tiyang kafir boten badhé kèndel anggènipun siya-siya, ngantos dumugi remukipun babar pisan kawasanipun.

---

249. Nagari Makkah taksih wonten ing tanganipun para mengsahing Islam, ingkang sami ngalang-alangi para Muslimin nindakaken ngibadah haji. Miturut I’ Ab tuwin ngulami sanès-sanèsipun, alangan ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika alangan saking mengsah, sanès alangan jalaran sakit. Miturut ngulami sanèsipun malih, alangan ing ngriki mengku alangan warni kalih wau sadaya (Rz). Kula boten manggih nalar-nalaripun manawi dipun pastèkaken bilih ingkang dipun karsakaken ayat punika taun nalika bedhamèn ing Hudaibiyah.

250. Terangipun: manawi manggih alangan, hadiyahipun (dhendhanipun) kedah kakintun dhateng padaleman suci, utawi manawi punika meksa boten saged, dipun kurbanaken wonten ing panggènan anggènipun manggih alangan.

251. Punika satunggaling piweca, bilih badhé dhateng masakalanipun panguwaosipun mengsah sirna babar pisan, sarta para Muslimin badhé saged nindaken ngibadah haji dhateng Makkkah kanthi wilujeng tuwin aman, boten kuwatos dipun alang-alangi ing mengsah.

252. Ngempalaken *‘umrah* lan *haji* punika tegesipun: sasampunipun nindaken *umrah,* para ingkang ngibadah haji boten nerusaken anggènipun *ihrâm.*

253. Inggih punika, sasampunipun mantuk, sarampungipun nindakaken ngibadah haji.

254. Suraosipun: tiyang boten dudunung wonten ing Makkah.

197 Jiyarah haji iku (ditindakaké ing) sasi-sasi kang (umum) kawruhan,[255] mulané sapa sing wis anetepaké jiyarah haji ing dalem (sasi) iku, lah aja ana ujar crèmèdan lan pangérang-érang tuwin ngrèngkèl ing dalem jiyarah haji;[256] sarta kabecikan apa kang sira lakoni Allah angudanèni; tuwin padha sasangua,[257] karana *paédahing* sangu iku rumeksa marang awaké dhéwé lan padha bekti marang Ingsun, o, wong kang padha ana akalé.

Ut. *becik-beciking*

اَلْحَجُّ اَشْهُرٌ مَّعْلُوْمٰتٌ ۚ فَمَنْ فَرَضَ فِيْهِنَّ
الْحَجَّ فَلَا رَفَثَ وَلَا فُسُوْقَ ۙ وَلَا جِدَالَ
فِى الْحَجِّ ۗ وَمَا تَفْعَلُوْا مِنْ خَيْرٍ يَّعْلَمْهُ
اللّٰهُ ۗ وَتَزَوَّدُوْا فَاِنَّ خَيْرَ الزَّادِ التَّقْوٰى ۚ
وَاتَّقُوْنِ يٰٓاُولِى الْاَلْبَابِ ﴿١٩٧﴾

198 Ora ana alané ingatasé sira yèn sira ngupaya paparinging Pangéranira,[258] mulané yèn sira anggelak lakunira[259] saka ing ‘Arafat, lah padha ngéling-élinga

لَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ اَنْ تَبْتَغُوْا فَضْلًا مِّنْ
رَّبِّكُمْ ۗ فَاِذَآ اَفَضْتُمْ مِّنْ عَرَفٰتٍ فَاذْكُرُوا اللّٰهَ

---

255. Wulan ingkang sampun kasumerepan punika: wulan *Syawwâl*, *Dhu-l-qa’dah*, tuwin sangang dinten ingkang wiwitan ing wulan *Dhu-l-hijjah.*

256. Ngibadah haji punika anggambaraken tataraning kemajengan ruhani ingkang wekasan piyambak, awit saking punika para ingkang sami ngibadah haji dipun awisi boten kénging ngucapaken tetembungan ingkang sakinten saged andadosaken kirang sekéca dhateng tiyang sanès. *Rafatz* punika ateges: *Ujar lékoh*, utawi *ujar crèmèdan* utawi *tembung ingkang tanpa gina* (Ab ‘Ubd-Rz). Miturut Msb, Msh, tembung wau ateges *ujar crèmèdan, saru, boten pantes* utawi *lékoh* (LL). *Fusûq* miturut pangandikanipun Kanjeng Nabi ateges: *pangéram-éram* (Rz) *Jidal* ateges *paben* utawi *ngrèngkèl* utawi *ngèyèl.*

257. *Sangu* punika ingkang dipun karsakaken *sanguning kekésahan dhateng Makkah.* Adatipun sok wonten sawenèhing tiyang ingkang bidhal ngibadah haji, dhateng Makkah tanpa ambekta sangu ingkang nyekapi, pananggepipun ing atasing tedhanipun piyambakipun namung pasrah dhateng Pangéran (I” Ab-Rz). Ingkang makaten wau dipun awisi déning agami Islam, sarta sintena kémawon ingkang badhé nindakaken ibadah haji, kadhawuhan nyadiyakaken langkung rumiyin sadaya kabetahanipun, malah ing ayat sambetipun dipun kaparengaken ngindhakaken bandhanipun sarana dadagangan ing sasampunipun rampung nindakaken ngibadah haji. Nanging *sangu* punika ateges *sangu kanggé gesangipun ing akhirat*; manawi makaten tembung *taqwa* lajeng mengku teges rumeksa saking awon, sarta tegesipun dhawuh wau lajeng makaten: *rumeksa saka ala iku becik-beciking sangu kanggo urip ing tembé.*

258. *Fadl* ing ngriki *dadagangan* (Rz). Ing panggènan sanès ing dalem Quran Suci tembung wau asring dipun agem kalayan mengku suraos kados makaten wau, kadosta ing 73: 20. Déné ingkang dipun karsakaken inggih punika: ngindhakaken bandhanipun sarana dadagangan wonten ing Makkah ing salebeting wekdal haji, punika kénging. Ing nalika jaman sadèrèngipun lair agami Islam, saben mangsa haji dipun wontenaken paramèan peken dalu kalayan maksud dadagangan, ingkang misuwur piyambak: *‘Ukâz, Majinah* tuwin *Dhu-l-majâz.* Para Muslimin wau sami gadhah panginten bilih tumut ngedali pekenan makaten wau dosa, mila kaparingan dhawuh bilih piyambakipun boten dipun awisi dadagangan, dalasan ing mangsa haji (Bkh).

259. *Ifâdlah* tegesipun *lalampah sasarengan kaliyan tiyang kathah kalayan ngangseg lampahipun* (Ham-LL).

ing Allah sacedhaking tandha pangéling-éling suci,[260] sarta padha ngéling-élinga ing Panjenengané, *déning* anggoné Panjenengané wus anuntun ing sira, sanajan sira ing sadurungé iku temen kalebu wong kang padha sasar.

Ar. *kaya déné*

عِنْدَ الْمَشْعَرِ الْحَرَامِ ۖ وَاذْكُرُوهُ كَمَا هَدَاكُمْ
وَإِنْ كُنْتُمْ مِنْ قَبْلِهِ لَمِنَ الضَّالِّينَ ﴿١٩٨﴾

199 Tumuli padha anggelaka lakunira saka ing panggonané wong-wong padha anggelak lakuné lan padha nyuwuna pangapura ing Allah; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[261]

ثُمَّ أَفِيضُوا مِنْ حَيْثُ أَفَاضَ النَّاسُ وَ
اسْتَغْفِرُوا اللَّهَ ۚ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿١٩٩﴾

200 Lah manawa sira wis rampung pangibadahira banjur ngéling-élinga ing Allah kaya pangéling-élingira ing bapak-bapakira,[262] *o, ngéling-élinga ing Panjenengané kalawan luwih ngajèni.* Ananging ana manusa kang angucap: Pangéran kawula! mugi Tuwan apaparing ing kawula wonten ing donya punika, lan *dhèwèké* ora bakal *padha* olèh bagéan ana ing akhirat.

Ar. *utawa luwih abanget ing pangéling-éling*

Ar. *dhèwèké*

فَإِذَا قَضَيْتُمْ مَنَاسِكَكُمْ فَاذْكُرُوا اللَّهَ
كَذِكْرِكُمْ آبَاءَكُمْ أَوْ أَشَدَّ ذِكْرًا ۗ فَمِنَ
النَّاسِ مَنْ يَقُولُ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا
وَمَا لَهُ فِي الْآخِرَةِ مِنْ خَلَاقٍ ﴿٢٠٠﴾

260. *Masy'aru-l-Harâm*, ingkang wantahipun ateges *tandha pangéling-éling suci*, punika panggènan ingkang misuwuripun kawastanan Muzdalifah, utawi pasitèn ingkang tepang wates kaliyan punika; ing ngriku para titiyang haji sami kèndel sedalu ing sawangsulipun saking Arafat ing sontenipun tanggal kaping sanga *Dhu-l-hijjah.*

261. Titiyang Quraisy tuwin titiyang Kananah, ingkang sami marabi awakipun piyambak *Hams*, kanggé ngongasaken kakiyatanipun tuwin kawantunanipun, sami kèndel wonten ing *Muzdalifah*, jalaran manut panganggepipun bidhal sasarengan kaliyan titiyang haji sanès-sanèsipun dhateng ara-ara Arafat, punika boten mungguh kaliyan kaluhuranipun. Rèhning karsanipun Islam sadaya papangkatan punika dipun icali, dipun damel sami-sami, mila para titiyang wau sami kadhawuhan nganggep awakipun piyambak punika sami kaliyan tiyang sanès-sanèsipun (Bkh-Rz).

262. Ing nalika jaman jahiliyah, ing sasampunipun rampung nindakaken haji, manawi sami kempalan wonten ing 'Ukaz tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun, para tiyang kathah sami umuk-umukan prakawis kalangkunganing luluhuripun. Lah dhawuh punika saged nedahaken punapa ingkang dipun sirnakaken déning Quran, tuwin punapa ingkang dipun adegaken; punapa ingkang dipun suwak, saha punapa ingkang ingkang dipun anggé gantos. Para titiyang kathah sami dipun awisi ngumumaken kalangkunganing luluhuripun, minangka gentosipun sami kadhawuhan mumuji ing Allah, inggih punika ingkang mesthi badhé andadosaken para titiyang wau tikel-matikel langkung ageng katimbang luluhuripun. Nyata, bangsa Arab ingkang boten wonten aosipun punika, kadadosaken bangsa ingkang saged nelukaken jagad.

201 Lan sawenèhé ana kang padha ngucap: Pangéran kawula! mugi tuwan apaparing ingkang saé ing kawula wonten ing donya, sarta wonten ing akhirat ugi ingkang saé, punapa déné mugi tuwan amilujengaken kawula saking siksa latu![263]

وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّقُوْلُ رَبَّنَآ اٰتِنَا فِى الدُّنْيَا حَسَنَةً
وَّفِى الْاٰخِرَةِ حَسَنَةً وَّقِنَا عَذَابَ النَّارِ ۝٢٠١

202 Iki bakal padha olèh panduman saka wohé apa kang wus padha dilakoni, lan Allah iku rikat ing pétung.

اُولٰۤئِكَ لَهُمْ نَصِيْبٌ مِّمَّا كَسَبُوْا ۗ وَاللّٰهُ
سَرِيْعُ الْحِسَابِ ۝٢٠٢

203 Lan padha angéling-élinga ing Allah ing sajroning dina kang genah wilangané;[264] banjur sapa sing andhisiki ing dalem rong dina, lah ora ala tumrapé dhèwèké, lan sapa sing angèrèni, iya ora ala ingatasé dhèwèké;[265] (iki) tumrap sapa sing anjaga awaké saka ing ala, lan padha dibekti ing Allah, sarta padha weruha, yèn sira iku bakal padha diimpun marang Panjenengané.

وَاذْكُرُوا اللّٰهَ فِيْٓ اَيَّامٍ مَّعْدُوْدٰتٍ ۗ فَمَنْ
تَعَجَّلَ فِيْ يَوْمَيْنِ فَلَآ اِثْمَ عَلَيْهِ ۚ وَمَنْ تَاَخَّرَ
فَلَآ اِثْمَ عَلَيْهِ ۙ لِمَنِ اتَّقٰى ۗ وَاتَّقُوا اللّٰهَ
وَاعْلَمُوْٓا اَنَّكُمْ اِلَيْهِ تُحْشَرُوْنَ ۝٢٠٣

204 Sawenèhing wong ana sing gunemé ing dalem kauripan donya anggumunaké ing sira, sarta anek-sèkaké ing Allah apa kang ana ing sajroning atiné, nanging salugumé dhèwèké iku tukang milawani sing banget dhéwé.[266]

وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يُّعْجِبُكَ قَوْلُهٗ فِى
الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَيُشْهِدُ اللّٰهَ عَلٰى مَا فِيْ
قَلْبِهٖ ۙ وَهُوَ اَلَدُّ الْخِصَامِ ۝٢٠٤

---

263. Kanjeng Nabi asring sanget nyuyuwun kados makaten punika (Bkh), sarta inggih makaten punika panyuwun titiyang Muslimin sajati, boten prabéda lan anggènipun kadhawuhan nyuyuwun kasaénan donya lan akhirat, makaten ugi tiyang Muslimin inggih kedah nyarempeng anggayuh kasaénan donya lan akhirat. Islam nedahaken dhateng kula sami margi ingkang tengah-tengah, antawisipun *dahriyah* (kawadhagan – materialis) kaliyan *rabbaniyah* (kapandhitan).

264. 'Dina kang genah wilangané', inggih punika tigang dinten ing sasampunipun dinten kurban, inggih punika ingkang dipun wastani dinten *tasyriq.*

265. Limrahipun para titiyang ingkang sami ngibadah haji sami bidhal ing wekasaning dinten *tasyriq* ing wanci siang, nanging miturut dhawuh punika sami dipun idini bidhal ing wanci sontenipun dinten ingkang kaping kalih.

266. *Mirsanana kaca candhakipun.*

205 Lan bareng balik, tumindak ana ing bumi amrih agawé wisuna ing kono, lan angrusak tatanduran tuwin kéwan ingon, lan Allah iku ora remen marang wisuna.

وَإِذَا تَوَلَّىٰ سَعَىٰ فِي الْأَرْضِ لِيُفْسِدَ فِيهَا
وَيُهْلِكَ الْحَرْثَ وَالنَّسْلَ ۗ وَاللَّهُ لَا
يُحِبُّ الْفَسَادَ ﴿٢٠٥﴾

Ut. *jaga-jagaa ing (siksaning)*

206 Lan samangsa dikandhani: *Bektia ing* Allah, gumedhéné angregem dhèwèké digèrèd marang laku dosa; mulané dhèwèké iku jahannam wis nyukupi; lan temen iku palèrènan kang ala.[267]

وَإِذَا قِيلَ لَهُ اتَّقِ اللَّهَ أَخَذَتْهُ الْعِزَّةُ
بِالْإِثْمِ فَحَسْبُهُ جَهَنَّمُ ۚ وَلَبِئْسَ الْمِهَادُ ﴿٢٠٦﴾

Ar. *ngedol*

207 Lan sawenèhing wong ana sing *masrahaké* jiwa-ragané, angupaya pirenaning Allah; lan Allah iku lubèr wilasané marang para kawula.

وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَشْرِي نَفْسَهُ ابْتِغَاءَ
مَرْضَاتِ اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ رَءُوفٌ بِالْعِبَادِ ﴿٢٠٧﴾

Ut. *padha lumebua sumarah babar pisan*

208 É, para kang padha angèstu, *padha lumebua ing sumarah* kalawan ambabar-pisani, sarta aja padha manut garis-garis tapaking sétan; sayekti dhèwèké iku tumrapé sira mungsuh kang tétéla.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا ادْخُلُوا فِي السِّلْمِ كَافَّةً
وَلَا تَتَّبِعُوا خُطُوَاتِ الشَّيْطَانِ ۚ إِنَّهُ لَكُمْ
عَدُوٌّ مُبِينٌ ﴿٢٠٨﴾

209 Ananging manawa sira *sasar* ing sawisé tandha-tandha yekti tumeka marang sira, lah padha weruha, yèn Allah iku Minulya, Wicaksana.

فَإِنْ زَلَلْتُمْ مِنْ بَعْدِ مَا جَاءَتْكُمُ الْبَيِّنَاتُ
فَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٢٠٩﴾

---

266. Warni-warni panginten-inten sinten tiyangipun ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika; wonten ingkang mastani manawi ingkang dipun karsakaken punika tiyang ingkang nama Akhnas bin Syuraiq. Nanging para ngulami ingkang langkung kénging dipun anggé waton pamanggihipun, sami sarujuk bilih dhawuh punika boten nuju satunggaling tiyang ingkang tartamtu (Rz). Suraosing dhawuh nginggilipun lan ngandhapipun ugi nedahaken bilih ingkang kapangandikakaken punika para tukang damel wisuna, inggih punika tiyang ingkang lairipun kémawon cocog kaliyan Kanjeng Nabi, nanging sajatosipun tansah ngupados margi badhé damel wisuna dhateng para Muslimin.

267. *Mihad* tegesipun bandhulan, tuwin ugi ateges sadaya samukawis ingkang dipun sediyakaken ing tiyang kanggé badanipun piyambak (LL). Teges warni kalih punika anggambaraken kawontenanipun naraka. Naraka punika barang ingkang dipun sedhiyakaken déning manusa piyambak, sarta tumrap tumuwuhing kamajengan ruhani, naraka punika dados bandhulan tumrap tiyang ingkang nalika gesangipun wonten ing donya ngriki tansah kandheg kamajenganipun ruhani margi klelep ing kadonyan utawi saking anggènipun lumampah ing margi awon.

210 Ora liya kajaba mung padha angadhang-adhang, Allah angrawuhana dhèwèké ing sajroné ayang-ayanging méga *akanthi* para malaikat, sarta prakara iku (wis) tinartamtu; lan marang Allah anggoné dibalèkaké sakèhing prakara iku.[268]

Ar. *lan*

هَلْ يَنْظُرُوْنَ إِلَّآ أَنْ يَّأْتِيَهُمُ اللّٰهُ فِيْ ظُلَلٍ مِّنَ الْغَمَامِ وَالْمَلٰٓئِكَةُ وَقُضِيَ الْأَمْرُ ؕ وَإِلَى اللّٰهِ تُرْجَعُ الْأُمُوْرُ ﴿٢١٠﴾

RUKU' 26

Cobi sarta kasusahan ageng

211, 212. Tandha-tandha sami dipun emohi. 213. Kasawijènipun kamanusan sarta rawuhipun para nabi perlu amancasi pasulayan. 214. Ing salaminipun dhatengipun kamulyan punika ing sasampunipun cobi tuwin kasusahan. 215. Arta kedah dipun wedalaken amrih wilujeng babrayan. 216. Perang kapacak ing undhang sarta boten senengipun titiyang Islam dhateng papacak punika.

211 Takonana para turuning Israil, wis sapira kèhing tandha kang terang kang Ingsun paringaké dhèwèké; lan sapa sing nyalini nugrahaning Allah ing sawisé tumeka marang dhèwèké, lah sayekti Allah iku abanget pamalesé (marang tindak ala).[269]

سَلْ بَنِيْٓ إِسْرَآءِيْلَ كَمْ اٰتَيْنٰهُمْ مِّنْ اٰيَةٍ بَيِّنَةٍ ؕ وَمَنْ يُّبَدِّلْ نِعْمَةَ اللّٰهِ مِنْ بَعْدِ مَا جَآءَتْهُ فَإِنَّ اللّٰهَ شَدِيْدُ الْعِقَابِ ﴿٢١١﴾

268. Gusti Allah rawuh, punika tegesipun tumindak dhawuh-Ipun, utawi siksa ingkang kaancamaken dhateng para kafir dhumawah saèstu (Rz). Dhawuh ingkang kasebut ing surat ingkang kaping 16, ingkang tumurun langkung rumiyin, nerangaken bab punika: "Dhèwèké ora padha angentèni apa-apa kajaba bakal tekané para malaikat marang dhèwèké utawa bakal tumekané paréntahé Pangéranira …… Banjur kawusanan kang ala saka panggawé-panggawéné angenani dhèwèké sarta apa kang padha diguguyu anglimputi dhèwèké" (16: 33-34) Ayat ingkang kapethik punika, péranganipun ingkang sapisan, mèh sami tembungipun kaliyan ayat ingkang karembag ing ngriki ing péranganipun ingkang wiwitan, sarta saged anerangaken punapa tegesipun *rawuhipun Allah punika.* Tetembungan ingkang kados makaten wau ugi wonten ing 59: 2 kagem mangandikakaken dhumawahing siksanipun Pangéran; ing ngriku para Yahudi ingkang wasananipun sami kakèndelaken margi saking anggènipun adamel wisuna, kapangandikakaken makaten: "Dhèwèké padha mesthèkaké yèn bètèng-bètèngé bisa angayomi awaké saka siksaning Allah; nanging *Allah angrawuhi dhèwèké* saka panggonan kang ora padha dikira-kira."

Makaten ugi rawuhipun para malaikat, punika inggih ateges dhumawahipun siksa. Kadosta: "Ing dinané dhèwèké bakal padha andeleng para malaikat, ing dina iku ora bakal ana warta bubungah tumrap para wong duraka" (25: 22). Kepénginipun ningali para malaikat kaleksanan nalika perang Badar, sarta ing dinten wau langit ugi "pecah kalawan mendhung" (25: 25), inggih punika pangandika ingkang wigatos mangandikakaken rawuhipun Gusti Allah tuwin para malaikat "ing sajroné ayang-ayangé méga": "Nalikané sira nyuwun pitulung Pangéranira, tumuli Panjenengané anjembadani ing sira: Ingsun bakal anulungi sira kalawan sèwu malaikat, urut-urutan …. sarta anurunaké banyu saka ing mendung marang sira" (8: 9-11).

269. *Mirsanana kaca candhakipun.*

212 Kauripan donya iku digawé katon éndah tumrap para kang ora angèstu, sarta dhèwèké padha angguguyu para kang angèstu wondéné para kang padha bekti, ana ing dina kiyamat, bakal ana ing sadhuwuré; lan Allah iku aparing rejeki sapa kang dadi kapareng-É, kalawan tanpa pétung.[270]

زُيِّنَ لِلَّذِيْنَ كَفَرُوا الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا وَ
يَسْخَرُوْنَ مِنَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ۘ وَالَّذِيْنَ
اتَّقَوْا فَوْقَهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ؕ وَاللّٰهُ يَرْزُقُ
مَنْ يَّشَآءُ بِغَيْرِ حِسَابٍ ﴿٢١٢﴾

213 (Sakèhing) manusa iku umat siji;[271] Mulané Allah anjumenengaké para nabi dadi juru ngampil warta becik sarta dadi juru-pépéling, sarta Panjenengané anurunaké Kitab kalawan kayaktèn kaampil para (nabi) mau, supaya iku amancasana antarané para manusa ing dalem prakara kang ing kono padha sulaya; lan ora ana wong sulaya ing kono kajaba malah para kang kaparingan iku, ing sawisé tandha-tandha yekti

كَانَ النَّاسُ اُمَّةً وَّاحِدَةً ۟ فَبَعَثَ اللّٰهُ
النَّبِيّٖنَ مُبَشِّرِيْنَ وَمُنْذِرِيْنَ ۪ وَاَنْزَلَ
مَعَهُمُ الْكِتٰبَ بِالْحَقِّ لِيَحْكُمَ بَيْنَ النَّاسِ
فِيْمَا اخْتَلَفُوْا فِيْهِ ؕ وَمَا اخْتَلَفَ فِيْهِ اِلَّا
الَّذِيْنَ اُوْتُوْهُ مِنْۢ بَعْدِ مَا جَآءَتْهُمُ الْبَيِّنٰتُ

---

269. *Nugrahaning Allah* ing ngriki ingkang dipun karsakaken *wahyunipun Kanjeng Nabi,* déné *nyantuni* tegesipun *angemohi.* Kacocogna kaliyan "nguyang sasar kalawan pituduh" ing ayat 16 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun. Tandha yekti ingkang cetha ingkang kaparingaken dhateng titiyang Israil, punika kalebet ugi piweca-piweca badhé rawuhipun Kanjeng Nabi, ingkang sampun marambah-rambah kawedharaken dhateng bangsa wau lumantar para nabi-nabinipun, makaten ugi bukti-bukti ingkang cetha ing bab kayektènipun kautusipun kanjeng Nabi, ingkang sadaya wau langkung saged adamel yakin, manawi katimbang kaliyan bukti-bukti gadhahanipun, ingkang nélakaken ing kayektènipun kautusing nabi-nabinipun bangsa Israil piyambak.

270. Dhawuh-dhawuh punika maringi gagambaran dhateng kula sami, anggènipun para titiyang ingkang sami boyong saking Makkah sami dipun gugujeng déning para Yahudi ingkang sugih-sugih, margi saking anggènipun sami kesrakat jalaran sadaya barang gadhahanipun katilar wonten ing Makkah, jer para titiyang Yahudi wau, margi saking anggènipun nglampahaken arta wonten ing pundi-pundi kalayan mupu sareman ingkang sakalangkung kathah, tansah saged ngukup bandhanipun ngasanès. Ayat ingkang sampun nyebutaken titiyang Israil, tuwin wontenipun hadits-hadits ingkang nedahaken gagandhènganipun ayat punika kaliyan para pinisepuh Yahudi (mirsanana Rz), punika sadaya murugaken kula sami angsal pupuntoning panyuraos ingkang kados makaten wau. Dhawuh ingkang wekasan punika anedahaken bilih ingkang anjalari kamulyanipun tiyang ngantos ngungkuli sanèsipun, punika luhuring budipakertinipun, sanès kathahing bandhanipun; makaten ugi dhawuh wau inggih mungguh piweca bilih badhé dhateng masakalanipun, para ingkang dipun gugujeng margi saking kamlaratanipun wau, badhé pinaringan rejeki ingkang mluwah-mluwah, dalasan kalanipun gesang wonten ing donya punika.

271. Tembung *Kâna* punika boten mesthi kedah mengku suraos nerangaken barang ingkang sampun kelampahan kémawon, nanging wonten ing Quran Suci inggih asring dipun agem ingkang kalayan mengku suraos mangandikakaken gelar yekti ingkang sampun umum, kadosta ing dhawuh كان الانسان كفورا tegesipun *manusa iku kurang ing panarima.*

anekani dhèwèké, saking padha sengit-sinengitan;[272] mulané Allah anuntun para kang angèstu, kalawan kapareng-É, marang yaktiné, ing prakara kang padha dadi sulaya,[273] lan Allah iku anuntun sapa kang dadi karsa-Né, marang dalan kang bener.

بَغْيًا بَيْنَهُمْ ۖ فَهَدَى اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا لِمَا
اخْتَلَفُوا فِيهِ مِنَ الْحَقِّ بِإِذْنِهِ ۗ وَاللَّهُ
يَهْدِي مَن يَشَاءُ إِلَىٰ صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٢١٣﴾

214 Apa ta sira padha rumasa manawa sira padha bakal malebu ing taman,[274] kang mangka kaanané para kang kapungkur sadurungé durung anekani sira: kasusahan lan kasangsaran anibani awaké; lan padha digonjingaké, nganti Utusan sarta kancané kang padha angèstu padha calathu; Kapan rawuhé pitulunging Allah? O, sayekti pitulunging Allah wis cedhak.[275]

أَمْ حَسِبْتُمْ أَن تَدْخُلُوا الْجَنَّةَ وَلَمَّا يَأْتِكُم
مَّثَلُ الَّذِينَ خَلَوْا مِن قَبْلِكُم ۖ مَّسَّتْهُمُ
الْبَأْسَاءُ وَالضَّرَّاءُ وَزُلْزِلُوا حَتَّىٰ يَقُولَ
الرَّسُولُ وَالَّذِينَ آمَنُوا مَعَهُ مَتَىٰ نَصْرُ
اللَّهِ ۗ أَلَا إِنَّ نَصْرَ اللَّهِ قَرِيبٌ ﴿٢١٤﴾

---

272. Tiyang asring boten leres anggènipun maham suraosipun ayat punika. Péranganipun ingkang wiwitan, ayat punika béda kaliyan péranganipun ingkang kaping kalih, ingkang badhé karembag ing katrangan candhakipun. Pérangan ingkang wiwitan wau nyebutaken angger-angger ingkang sampun umum, inggih punika Gusti Allah ngutus para nabi dhateng sadaya umat, jalaran sadaya umat punika umat satunggal, kados déné ingkang kapangandikakaken wonten ing wiwitan ayat punika; awit saking punika boten saged yèn ta umat ingkang satunggal kaparingan nabi, satunggalipun boten. Salajengipun kapangandikakaken bilih satunggal-tunggaling nabi wau mesthi kaparingan kitab, supados dados pitedah dhateng margi ingkang leres tumrap para golongan ingkang sampun wonten ing sadèrènging rawuhipun nabi wau, ingkang sami pasulayan. Nanging saya dangu umat ingkang sampun kaparingan Kitab ingkang supados dipun dhèrèk, punika lajeng sami nulayani. Dados, sanajan saben umat sampun karawuhan nabi, èwadéné saben umat mesthi nilar margi ingkang leres, tuwin tindakipun sulaya kaliyan pitedah ingkang sampun kaparingaken, mila lajeng tuwuh wonten pasulayan malih. Mila kautusipun nabi ingkang supados nedahaken margi ingkang leres dhateng sadaya umat, punika perlu sanget, sarta inggih makaten punika, ingkang kasebutaken wonten péranganipun ayat ingkang kaping kalih punika.

273. Gusti Allah nuntun para angèstu punika ingkang dipun karsakaken anggèning Panjenenganipun ngutus ing Kanjeng Nabi, awit inggih lumantar panjenenganipun wau anggènipun para Muslimin katuntun dhateng margi ingkang leres, dhateng yakti ingkang dipun pasulayakaken wonten ing antawisipun sadaya umat. Manawi rawuhipun nabi punika dados kabetahan ageng tumrap satunggal-tunggaling umat, supados mancasi pasulayanipun, lah sapunika-punika wancinipun. Nabi ingkang supados mancasi pasulayanipun umat ingkang mawarni-warni, kabetahaken sanget rawuhipun, jalaran yakti ingkang sampun kagelaraken dhateng umat-umat déning para andika nabi, punika sampun sami surem malih. Dados ing antawisipun agami saumat-saumat ing jagad punika, agami Islam punika dados agami jajagadan, agami tumrap sadaya umat.

274. Lumebet ing taman utawi suwarga punika tegesipun menang kaliyan mengsah ing gesang sapunika-punika (ing donya) tuwin manggih karahayon ing gesang ingkang badhé dhateng (ing akhirat). Dhawuh ingkang wekasan ing ayat punika, *pitulunging Allah wis cedhak*, punika nélakaken kalayan cetha bilih ingkang dipun karsakaken punika kamenanganing marginipun yakti.

275. Ayat punika mulangakaken teteg, tatag lan tanggon samangsa kataman ing cobi ingkang sakalangkung ageng, sarta anedahaken genging kasabaran miwah kumandelipun Kanjeng Nabi ingkang

215 Dhèwèké padha takon marang sira, apa ta kang kuduné diwèwèhaké. Calathua: Raja darbé apa baé kang sira wèwèhaké, lah iku tumrap wong tuwa loro, lan krabat, lan bocah yatim lan para miskin tuwin para lalaku, kalayan kabecikan apa baé kang padha sira lakoni, sayekti, iku Allah angudanèni.[276]

يَسْـَٔلُوْنَكَ مَاذَا يُنْفِقُوْنَ ۗ قُلْ مَآ اَنْفَقْتُمْ مِّنْ خَيْرٍ فَلِلْوَالِدَيْنِ وَالْاَقْرَبِيْنَ وَالْيَتٰمٰى وَالْمَسٰكِيْنِ وَابْنِ السَّبِيْلِ ۗ وَمَا تَفْعَلُوْا مِنْ خَيْرٍ فَاِنَّ اللّٰهَ بِهٖ عَلِيْمٌ ﴿٢١٥﴾

216 Perang iku kapacak ing undhang ing atasé sira lan iku barang kang anggethingaké tumrapé sira; lan mbok manawa sira iku gething marang barang, kang mangka iku becik tumrapé sira, lan mbok manawa sira iku padha seneng ing barang kang mangka iku ala tumrapé sira; lan Allah iku ngudanèni, nanging sira padha ora weruh.[277]

كُتِبَ عَلَيْكُمُ الْقِتَالُ وَهُوَ كُرْهٌ لَّكُمْ ۚ وَعَسٰٓى اَنْ تَكْرَهُوْا شَيْـًٔا وَّهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۚ وَعَسٰٓى اَنْ تُحِبُّوْا شَيْـًٔا وَّهُوَ شَرٌّ لَّكُمْ ۗ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ وَاَنْتُمْ لَا تَعْلَمُوْنَ ﴿٢١٦﴾

boten wonten ingkang nyamèni punika. Ayat punika boten namung mratélakaken cobi ageng tuwin rekaos ingkang kasandhang déning para Muslimin ing Makkah, sarta kamlaratan ingkang kasandhang nalika sami kéndhang wonten ing Madinah kémawon, nanging langkung-langkung malih ayat punika mratélakaken rekaos ingkang calon badhé namani para Muslimin, ingkang sapunika sampun katingal wewèntèhan, inggih punika wontenipun sawarnining upakartinipun perang ingkang kénging kanggé anggecak para Muslimin. Déné cobi kasusahan ingkang kasandhang déning para andika nabi ingkang rumiyin-rumiyin, pasambatipun Kanjeng Nabi 'Isa "*Éli, Éli, lamma sabakhtani*" nalika wonten ing kajeng palang, punika wonten ing babadipun para nabi, kalebet ingkang enggel piyambak.

276. Terangipun: kowé kudu padha nanjakaké rajadarbèkmu kanggo kaperluwané wong-wong iku kabèh. Bandhaning praja ingkang kanggé rumeksa babrayan Muslimin, punika ugi katanjakaken kanggé mitulungi tiyang sepuhipun satunggaling tiyang tuwin akrabipun satunggaling tiyang punapa déné laré-laré ingkang sampun boten gadhah bapa biyung tuwin para miskin ingkang sampun boten gadhah punapa-punapa kanggé nyampedi betahipun ing griya, inggih punika ingkang taksih dipun kaniaya déning titiyang kafir wonten ing Makkah, tuwin kanggé mitulungi titiyang lalampah ingkang boten wonten ingkang ngayomi. Para Muslimin kaparingan dhawuh, bilih samukawis ingkang dipun danakaken kanggé ngragadi peperangan, punika menggah ing sajatos-jatosipun kanggé mitulungi akrabipun tuwin sadhèrèk-sadhèrèkipun piyambak.

277. Para ingkang sami mastani bilih perangipun para Muslimin punika karana badhé ngupados jarahan, samiya ngangen-angen dhawuh punika. Para Muslimin kalangkung déning ringkih sanget, tangèh sageda nandhingi wadyabala ageng ingkang badhé numpes piyambakipun, milanipun boten nama anèh manawi para Muslimin punika boten seneng perang. Namung pikiran ingkang boten saras kémawon, ingkang saged mastani bilih Kanjeng Nabi "ing sapunika wiwit migunakaken dadamelipun, kanggé ngrampungi damel punapa ingkang boten saged kagayuh manawi namung kalayan mumulang" (Wh). Pundi wadyabalanipun Kanjeng Nabi ingkang badhé kanggé ngislamaken titiyang Arab ingkang ambeg gumedhé, tur ingkang remen perang, ingkang sami boten purun mirengaken piwulangipun Kanjeng Nabi punika? Wadyabalanipun Kanjeng Nabi ingkang wiwitan ing Badar, inggih punika ing

RUKU' 27

Pitakènan warna-warni

217. Panganiaya mamrih ambalik. 218. Para ingkang sami angèstu boten katut, 219. Sajeng lan ngabotohan dipun awisi, sarta cèlèngan katanjakaken kanggé anjagi dhiri. 220. Laré yatim. 221. Jojodhoan antawisipun tiyang Islam kaliyan tiyang nembah brahala.

217 Wong padha takon marang sira prakara sasi suci – prakara perang ing sajroné iku. Kandhanana: Perang ing sajroné, iku prakara gedhé, lan angedohaké (manusa) saka ing dadalaning Allah – lan angafiri Panjenenganè – lan (saka) Masjid Suci, apa déné anundhung wongé saka ing kono, iku mungguhing Allah luwih gedhé, lan panganiaya iku luwih

يَسْـَٔلُونَكَ عَنِ الشَّهْرِ الْحَرَامِ قِتَالٍ فِيهِ ۖ
قُلْ قِتَالٌ فِيهِ كَبِيرٌ ۖ وَصَدٌّ عَن سَبِيلِ
اللَّهِ وَكُفْرٌ بِهِ وَالْمَسْجِدِ الْحَرَامِ وَإِخْرَاجُ
أَهْلِهِ مِنْهُ أَكْبَرُ عِندَ اللَّهِ ۚ وَالْفِتْنَةُ

---

nalika titiyang Quraisy ing Makkah nglurug perang dhateng Madinah kalayan prajuritipun pipilihan sèwu, punika namung wonten 313, tur tiyang samanten wau kalebet ing laré-laré umur tigawelas taun. Punika tiyang ingkang saras pikiranipun saged mastani bilih ing sapunika Kanjeng Nabi badhé ngislamaken bangsa Arab tukang perang ingkang atusan èwon kathahipun punika kaliyan pandhèrèkipun cacah 313, ingkang boten sikep dadamel tur dèrèng gadhah pangalaman punika? Punapa ungeling dhawuhipun ayat punika boten sampun nglepataken pamanggih ingkang boten pinanggih ing nalar kados makaten wau? Gagambaran ingkang anggambaraken rekaos tuwin kasusahan ingkang dipun sandhang déning titiyang sawatawis ingkang ngrasuk Islam, punika katerangaken wonten ing ayat 214. Sakedhik cacah jiwanipun, miskin-miskin, dados tiyang bucalan lan nandhang rekaos; èwadéné boten kénging boten sami kepeksa kedah lumawan perang, karana rumeksa dhiri, awit manawi boten makaten mesthi badhé nemahi sirna. Inggih awit saking ringkihipun wau tuwin margi kathahing kaotipun kaliyan cacah jiwanipun mengsah, mila para Muslimin boten remen perang. Prayogi kula terangaken pisan bilih ing dalem babad sugengipun Kanjeng Nabi boten wonten lalampahan satunggal kémawon, ingkang nedahaken wontenipun tiyang kafir ingkang manjingipun Islam margi kepeksa déning landheping dadamel, sarta malih inggih boten wonten ingkang nyebutaken bilih Kanjeng Nabi naté ambidhalaken prajurit perlu kadhawuhan ngislamaken tiyang. Manawi ing babading donya punika wonten umat ingkang kepeksa lumawan perang karana ambélani prakawis ingkang luhur, boten wonten malih-malih contonipun ingkang adiluhung, kajawi namung lekasipun Kanjeng Nabi kaliyan para pandhèrèkipun; pandhèrèkipun Kanjeng Nabi namung sakedhik, nanging sami setya tuhu, wantun nandhingi saindhenging tanah Arab, ing tengah-tengahipun para mengsah ingkang sampun sami asikep dadamel badhé numpes piyambakipun, ingkang boten sanès sababipun kajawi margi saking anggènipun sami ngrungkebi tauhid (mirsanana 22: 40). Manawi kaparanyata naté wonten maksud-maksudipun perang ingkang adil, lah boten wonten malih sanèsipun ingkang langkung adil katimbang kaliyan perang karana ambélani saindhenging kamanusan, karana ambélani gréja-gréja Nasrani, kanisah-kanisah Yahudi, griya-griya pasembayangan Sabi'ah tuwin masjid-masjidipun kaum Muslimin, kados déné ingkang dipun sedya déning perangipun para Muslimin ingkang rumiyin-rumiyin (mirsanana 22: 40). Kula aturi nyundhukaken dhawuh perang ingkang kadhawuhaken ing ayat punika kaliyan idin perang ingkang kasebut ing ayat 190 tuwin 22: 39, mangké rak cetha kados pundi sarat-saratipun dhawuh perang punika. Dados perang ingkang kadhawuhaken punika perang lumawan titiyang ingkang ngrumiyini nganggé dadamelipun tuwin nundhung para Muslimin saking griya padunungipun; perang karana badhé ngèndeli panganiaya tuwin anjumenengaken kamardikan nglampahi agami, punapa déné karana anjagi kawilujenganipun papan panembahipun sadaya agami murih boten karisak.

أَكْبَرُ مِنَ الْقَتْلِ ۗ وَلَا يَزَالُونَ يُقَاتِلُونَكُمْ
حَتَّىٰ يَرُدُّوكُمْ عَن دِينِكُمْ إِنِ اسْتَطَاعُوا ۚ
وَمَن يَرْتَدِدْ مِنكُمْ عَن دِينِهِ فَيَمُتْ وَ
هُوَ كَافِرٌ فَأُولَٰئِكَ حَبِطَتْ أَعْمَالُهُمْ فِي
الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ ۖ وَأُولَٰئِكَ أَصْحَابُ النَّارِ ۖ
هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿٢١٧﴾

gedhé tinimbang mamatèni; lan ora bakal lèrèn anggoné amerangi sira nganti *ambalèkaké* sira saka agamanira, yèn ta bisaa;[278] déné sira, sapa kang ambalik saka ing agamané mangka dhèwèké banjur mati isih wong kafir, – yaiki wong kang panggawéné padha tanpa guna ana ing donya lan akhirat, lan yaiki wong-wonging geni; padha ana ing kono pamanggoné.[279]

---

278. Ayat ingkang sampun nyebutaken dhawuhipun Pangéran dhateng para Muslimin supados lumawan perang kaliyan mengsah ingkang sakalangkung kiyat. Ayat punika nerangaken nalar-nalaripun déné sikep dadamel punika kedah. Ingkang wiwitan dhawuh wau ngawisi perang wonten ing salebetipun wulan-wulan suci (nalar-nalaripun sampun katerangaken ing ayat 189) kajawi manawi karana males (mirsanana ayat 194). Klèntu sanget manawi kakinten ayat punika ngéngingakaken peperangan wonten ing salebeting wulan-wulan suci. Cariyos lalampahanipun sahabat Abdullah bin Jahsy nedahaken kanthi cetha bilih dhawuhipun ayat 194 wau boten naté dipun terak. Dhawuhipun Kanjeng Nabi dhateng piyambakipun, piyambakipun angandikakaken nungsung wartos bab untan-untanipun titiyang Quraisy (Rz). Nalika wonten ing Nakhlah, sahabat Abdullah sumerep wonten tiyang tiga, ingkang satunggal lajeng dipun pejahi, ingkang kalih dipun tawan. Tuwuh pitakènan, punapa kelampahanipun punika ing salebetipun wulan suci punapa boten. Sahabat Abdullah nyukani katerangan bilih tiyang wau anggènipun dipun pejahi ing wekasaning wulan Jumadilakhir sadèrèngipun wanci sonten, déné katingalipun tanggal ing wulan Rejeb, punika ing sasampunipun serap surya.

Sasampunipun nerangaken prakawis ingkang dipun kajawèkaken tumrap wonten ing salebetipun wulan-wulan suci, para kafir ingkang sami ngalap paédah saking lalampahan wau lajeng sami dipun pangandikani, boten pantes ndadak nekakaken leres botenipun tindakipun sahabat Abdullah wau, jalaran piyambakipun piyambak punika nandukaken sawarnining tindak ruda-paripeksa dhateng gesangipun tuwin bandhanipun para ingkang sami ngrasuk Islam ingkang ringkih punika, inggih wonten ing salebetipun tanah suci, sarta malih manawi nandukaken panganiaya dhateng para Muslimin boten naté mawi ngèngeti wulan-wulan suci. Punapa ta sababipun déné wonten idin perang? Jalaran para mengsah sami kelacut-lacut nandukaken pandamel dosa ageng dhateng para Muslimin sarta babar pisan boten sami ngaosi asmanipun Allah utawi kasucianipun masjid suci, tuwin dipun lajeng-lajengaken anggènipun sami nandukaken panganiaya dhateng para Muslimin ingkang saya dangu saya sanget; ingkang makaten wau langkung awon katimbang mejahi tiyang. Sadangunipun ing tanah Arab taksih wonten tiyangipun Islam, boten badhé wonten pangajeng-ajeng para mengsah purun ngèndeli anggènipun nandukaken panganiaya. Awit saking punika, para Muslimin kepeksa sami nganggé dadamelipun, karana rumeksa dhiri. Kaèngetana dhawuh ingkang mungel *Ora bakal lèrèn-lèrèn anggoné maringi sira nganti ambalikaké sira saka agamanira, yèn ta bisaa* punika.

279. Titiyang ingkang kapangandikakaken ing dhawuh punika, punika titiyang murtad, inggih punika para titiyang sami "ambalik saking agaminipun". Ing kalanganipun para titiyang sanès-Islam, tuwin ugi ing kalanganipun sawenèh tiyang Islam piyambak, wonten panganggep ingkang kalèntu, inggih punika panganggep ingkang mastani bilih Quran Suci andhawuhaken supados titiyang ingkang abalik saking agami Islam punika kedah dipun pejahi. Nanging punika lepat. Malah sawenèh pangarang Nasrani wonten ingkang ngantos keladuk negesi tembung *fa yamut* punika *dhèwèké kudu dipatèni*, mangka leresipun ateges: *mangka dhèwèké banjur mati*. Kados déné ingkang sampun kacetha wonten ing dhawuhing Quran ingkang terang gamblang punika, ingkang kasebutaken ing dhawuh ngriki punika makaten: para mengsahing Islam sami ambudidaya ing sakiyat-kiyatipun murih titiyang Muslimin sami ambalik saking agaminipun, sarana nandukaken panganiaya ingkang wengis; awit saking punika mila manawi wonten tiyang Islam ingkang ngantos ambalik dados kafir saèstu, piyambakipun mesthi badhé kapitunan wonten ing gesang sapunika-punika tuwin ing gesang ingkang badhé dhateng, jalaran

Ut. *aning-gal omahé*

218 Sayekti, para kang padha angèstu lan para kang padha *mlayu* (*saka ing omahé*) lan nyarempeng ing dalaning Allah, – iki padha anyanyandhang kamurahaning Allah, lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَالَّذِينَ هَاجَرُوا وَجَاهَدُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ أُولَٰئِكَ يَرْجُونَ رَحْمَتَ اللَّهِ ۚ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿٢١٨﴾

219 Wong padha takon marang sira prakara sajeng[280] lan ngabo-

يَسْأَلُونَكَ عَنِ الْخَمْرِ وَالْمَيْسِرِ ۖ قُلْ

anggènipun nilar agami Islam punika boten namung badhé mahanani piyambakipun kécalan paédah ruhani ingkang mesthi saged dipun panggih manawi piyambakipun tetep dados tiyang Islam, nanging ugi badhé kécalan paédah jasmani ingkang kalayan mluwah-mluwah, ingkang mesthi badhé dados bebahanipun para Muslimin lantaran kamenanganipun Islam. Ing ayat punika tuwin ing panggènan sanès ing dalem Quran Suci, boten wonten dhawuh satunggal kémawon ingkang andhawuhaken supados tiyang murtad punika kaukum pejah utawi kapidana kalayan paukuman sanèsipun.

Perlu ugi dipun pèngeti bilih nadyan tembung *irtidâd*, ingkang dados tembung istilah ingkang kanggé nembungaken "ambalik agami Islam", punika wonten ing Quran Suci namung dipun agem kaping kalih, inggih punika ing ayat punika tuwin ing 5: 54, nanging bab prakawis wangsul dados kafir sasampunipun iman, punika kasebutaken marambah-rambah, sarta sadaya wau boten wonten ingkang nyebutaken bilih wangsul dados kafir punika ginantungan ing ukum pejah. Hadits ingkang nerangaken ukum pejah ingkang kadhawahaken dhateng tiyang murtad, punika namung wonten satunggal, inggih punika hadits ingkang nerangaken lalampahanipun golongan '*Ukl*. Para titiyang wau sasampunipun sami ngaken ngrasuk Islam lajeng gadhah sengadi manawi hawa ing Madinah boten saé, sarta sareng kadhawuhan sami tirah dhateng papan panggènanipun unta gadhahanipun praja, para titiyang wau lajeng mejahi tukangipun angon tuwin anggiring unta-unta wau, kabekta késah. Ing ngriku tétela manawi ukum pejah tumrap ing dalem prakawis punika, punika boten jalaran murtad, nanging jalaran dosa pejah tuwin jalaran angècu. Adatipun lalampahan punika déning para mufassirin kasebutaken wonten ing 5: 33, inggih punika ayat ingkang mangandikakaken pidananipun tiyang ngècu. Boten wonten lalampahan sanès ingkang nedahaken bilih naté kelampahan wonten tiyang kaukum pejah margi murtad saking agami Islam.

Perlu ugi dipun terangaken ing ngriki bilih sasampunipun para Muslimin dudunung wonten ing Madinah angsal wolulas wulan, para Muslimin tansah wonten ing salebeting kawontenan perang kaliyan titiyang Quraisy tuwin pancer-pancer Arab. Ing salebetipun kawontenan ingkang kados makaten wau, murtad punika ateges nilar marginipun para Muslimin tuwin anggolong dhateng mengsah-mengsahipun. Dados, nama sampun anglenggahi adil manawi para Muslimin yasa angger-angger ingkang netepaken ukum pejah tumrap para ingkang sami cidra wau. Nanging Quran Suci boten andhawuhaken punapa-punapa.

280. "*Khamr* punika ateges *anggur* utawi *sajeng ingkang saking anggur* ….. Tembung punika mengku suraos ingkang nyrambahi kanggé nembungaken *legèn peresaning sadhéngah barang, ingkang ngendemi* (Q. TA) utawi kados déné pamanggihipun sawenèh ngulami ateges: *sarupaning barang ingkang ngendemi ingkang saged metengaken utawi amburengaken* (ingkang wantah: *nutupi*) *pikiran* (Mgh-Msb) ……. tegesipun tembung wau ingkang nyrambahi, punika ingkang langkung leres, jalaran nalika *khamr* dipun awisi, punika ing nagari Madinah boten wonten *khamr* ingkang saking anggur" (LL). Dados sampun tétela manawi tembung *khamr* punika boten namung mengku tegesipun ingkang asli kémawon, inggih punika *nutupi* pikiran, nanging ugi mengku kanggènipun punapa, inggih punika nyakup sawarnining barang ingkang ngendemi. Awit saking punika, béda kaliyan kalimrah ingkang sampun-sampun, tembung wau kula jarwani *sajeng* utawi *barang kang ngendemi*, boten kula tegesi *anggur* utawi *minuman keras*. Barang ingkang ngendemi dipun awisi nalika nyebutaken bab prakawis perang, punika nedahaken bilih ingkang dipun karsakaken déning Islam punika badhé niyup kawantunan ingkang sajati dhateng para pandhèrèkipun sarta boten nayogyani dhateng kawantunan

tohan.[281] Kandhanana: Ing jeroné loro iku ana dosa gedhé lan ana gunané marang para manusa, sarta dosané loro iku luwih gedhé tinimbang gunané. Lan padha takon ing sira, apa ta kang kuduné diwènèhaké. Kandhanana: Turahé. Kaya mangkono anggoné Allah anerangaké timbalan-timbalan marang sira, darapon sira padha mikir-mikira,

فِيهِمَآ إِثْمٌ كَبِيرٌ وَمَنَٰفِعُ لِلنَّاسِ وَإِثْمُهُمَآ
أَكْبَرُ مِن نَّفْعِهِمَا ۗ وَيَسْـَٔلُونَكَ مَاذَا يُنفِقُونَ ۵
قُلِ ٱلْعَفْوَ ۗ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمُ ٱلْءَايَٰتِ
لَعَلَّكُمْ تَتَفَكَّرُونَ ﴿٢١٩﴾

mutatuli kados déné kawontenanipun tiyang ingkang kénging dayaning sajeng ingkang ngendemi, ingkang asring kémawon nukulaken tindak belèh-belèhan walaka wonten ing paperangan. Awisan bab prakawis barang ingkang ngendemi tuwin ngabotohan ingkang kapangandikakaken ing ngriki, punika kacethakaken malih wonten ing 5: 90, 91. Para ingkang sami gadhah panginten bilih ayat ingkang karembag punika boten mengku awisan, punika nedahaken manawi piyambakipun boten saged anggagapi dhateng basanipun Quran. Manawi kasebutaken bilih babayanipun satunggaling barang langkung ageng katimbang pigunanipun, punika sampun cekap kanggé anedahaken manawi barang wau kaawisan, jalaran sok tiyanga ingkang saras pikiranipun mesthi botenipun milih margi ingkang sampun genah langkung ageng babayanipun katimbang kalayan pigunanipun.

Éwah-éwahan ing tanah Arab ingkang tuwuh awit saking dayanipun dhawuh "dosané loro iku luwih gedhé tinimbang gunané" ingkang pasaja punika, tansah badhé damel gawokipun para juru-pambanguning babrayan. Anggènipun para pancer Arab sami remen peperangan satunggal kaliyan satunggalipun, punika murugaken para titiyang Arab wau sami remen sanget minum-minuman keras, sarta inggih sajeng punika ingkang ngisèni pikiranipun para juru-kidung Arab, wonten ing pasamuwan-pasamuwanipun tiyang Arab, sajeng punika pasugatan ingkang baku, sarta remen minum punika boten kaanggep awon, makaten ugi ing antawisipun bangsa Arab dèrèng naté wonten gerakan ingkang sumedya ambrastha pangadatan remen minum, dalasan titiyang Yahudi tuwin titiyang Nasrani inggih sami kèlem wonten ing dalem piawon punika. Manut pangalamanipun manusa, sami-sami piawon, pangadatan remen minum punika ingkang angèl piyambak dipun sirnakaken. Éwadéné dhawuh Quran sakecap kémawon sampun cekap kanggé nyirnakaken satabet-tabetipun pisan pangadatan remen minum wau saking sagemblenging umat, tuwin ing pawingkingipun saking saindhenging nagari, sareng sadaya ngrasuk Islam. Ing babad dèrèng naté kelampahan wonten pambangunan adiluhung ingkang anggumunaken kados makaten wau, tur kanthi gampil kelampahanipun, nanging ambabar pisani. Perlu ugi katerangaken ing ngriki, pratélanipun tuwan Sale ingkang nyariyosaken bilih "minum sajeng manawi namung sakedhik-kénging," punika babar pisan tanpa waton. Makaten ugi pamanggihipun sawenèh tiyang bilih ingkang dipun awisi punika manawi kanggé minum-minuman ngantos kathah, punika inggih pamanggih ingkang atanpa waton. Para sahabatipun Kanjeng Nabi satètès kémawon boten naté migunakaken sajeng sasampunipun wonten awisan punika, tuwin malih dipun riwayataken Kanjeng Nabi ngandika makaten: "Sathithiking barang kang manawa akèh angendemi, iku larangan" (Ad-Rz). Kf piyambak boten ngandikakaken kados pratélanipun tuwan Sale, punika sanès bab prakawis sajeng, nanging barang sanès, ingkang para ahli fiqih sami béda-béda pamanggihipun.

281. Tembungipun ingkang asli *maisir*, saking tembung *yasara* tegesipun *mérang-mérang dados pinten-pinten pérangan utawi pinten-pinten bagéan. Maisir* punika kasukan dhadhu Arab, sarta miturut istilahipun Islam mengku sawarnining *ngabotohan*. Sawenèh ngulami mastani manawi tembung *maisir* punika asli saking tembung *yusr*, tegesipun *gampil*, mirid saking anggènipun gampil angsal bandha sarana lampah wau. Ing 5:91 kadhawuhaken bilih sajeng lan ngabotohan punika "anukulaké mumungsuhan lan gegethingan ana ing antaranira", babrayan, manawi para warganipun sami kadhedheran ing raos gegethingan lan memengsahan satunggal dhateng satunggalipun, mesthi kojur, langkung-langkung manawi pinuju wonten ing kawontenan peperangan kaliyan mengsah saking jawi.

220 Ing donya iki lan (ing) akhirat. Lan padha takon marang sira prakara bocah-bocah yatim.[282] Kandhanana: Angrigenaké dhèwèké amrih beciking (urusané) iku becik, lan manawa sira dadi satungané, lah wong iku sadulurira;[283] lan Allah iku anguningani wong kang agawé wisuna *lan wong* kang agawé becik; lan yén ta Allah iku angarsakna, amasthi Allah bakal anibakaké sira ing angèl; sayekti Allah iku Minulya, Wicaksana.

فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ ۗ وَيَسْأَلُونَكَ عَنِ الْيَتَامَىٰ ۖ
قُلْ إِصْلَاحٌ لَّهُمْ خَيْرٌ ۖ وَإِن تُخَالِطُوهُمْ فَإِخْوَانُكُمْ ۚ
وَاللَّهُ يَعْلَمُ الْمُفْسِدَ مِنَ الْمُصْلِحِ ۚ وَلَوْ شَاءَ
اللَّهُ لَأَعْنَتَكُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٢٢٠﴾

221 Lan aja padha angepèk bojo wong wadon manembah brahala nganti tumeka dadiné angèstu lan sayekti wong wadon kawula kang angèstu iku luwih becik tinimbang wong wadon manembah brahala sanajan anengsemaké ing sira; lan aja padha anglakèkaké éntuk wong lanang manembah brahala nganti tumeka dadiné angèstu, sayekti kawula lanang kang angèstu iku luwih becik tinimbang wong lanang manembah brahala, sanajan aneng-

وَلَا تَنكِحُوا الْمُشْرِكَاتِ حَتَّىٰ يُؤْمِنَّ ۚ وَلَأَمَةٌ
مُّؤْمِنَةٌ خَيْرٌ مِّن مُّشْرِكَةٍ وَلَوْ أَعْجَبَتْكُمْ ۗ
وَلَا تُنكِحُوا الْمُشْرِكِينَ حَتَّىٰ يُؤْمِنُوا ۚ وَلَعَبْدٌ
مُّؤْمِنٌ خَيْرٌ مِّن مُّشْرِكٍ وَلَوْ أَعْجَبَكُمْ ۗ أُولَٰئِكَ

282. Peperangan ingkang kepeksa katindakaken déning para Muslimin ingkang ringkih saking panganiayanipun para mengsahing Islam, punika boten kénging boten mesthi mahanani kathah laré-laré sami dados yatim, awit saking punika mila ing ngriki kasambetan dhawuh bab prakawis panggulawenthahipun laré yatim. Perlu ugi dipun terangaken bilih dhawuh Quran ingkang sepuh-sepuh punika mesthi kalayan pangandika ingkang alus, saha migatosaken sanget mitulungi tuwin nyukani tedha dhateng sadaya wau. ing ngriki cekap kapethikaken salah satunggaling dhawuh ingkang tumurun ing jaman wiwitan: "Ananging dhèwèké ora niyat njajal munggah ing dalan pagunungan kang sumengka, lan apa ta kang ngertèkaké sira, dalan pagunungan kang sumengka iku? Yaiku mardikakaké kawula, utawa awèh pangan ing dinaning paceklik marang bocah yatim kang isih ana alurané, utawa marang wong miskin kang nglésod ing lebu" (90: 11-16). Dhawuh-dhawuh ingkang kados makaten punika saged suka seserepan sajati dhateng kula sami, ing bab panggalihanipun Kanjeng Nabi anggènipun dados juru-milujengaken saindhenging kamanusan, ingkang tumrap panjenenganipun damel saé dhateng sasamining tiyang, punika kawajiban ingkang angka satunggal, ingkang mesthi kasebutaken saben-saben nerangaken kawajibanipun manusa dhateng Pangéran.

283. Kalayan terang ing ngriki kasebutaken bilih sasatungan kaliyan laré yatim punika dipun kéngingaken, awit margi wontenipun dhawuh kenceng bab prakawis ngreksa bandhanipun laré yatim, sawenèh tiyang lajeng nganggep manawi sekuthon kaliyan bandhanipun laré yatim wau dosa (Rz). Salajengipun dhawuh wau nedahaken bilih laré-laré yatim punika kedah karengkuh kados déné sadhèrèk.

semaké sira;[284] iki padha ngajak marang geni,[285] lan Allah iku animbali marang taman tuwin paramarta atas karsa-Né, sarta anerangaké timbalan-Né marang para manusa, darapon padha élinga.

يَدْعُونَ إِلَى النَّارِ ۖ وَاللَّهُ يَدْعُوا إِلَى الْجَنَّةِ وَالْمَغْفِرَةِ بِإِذْنِهِ ۖ وَيُبَيِّنُ آيَاتِهِ لِلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ﴿٢٢١﴾

RUKU' 28

Pegat

222. Wanci boten kéngingipun dhumawahing pegat. 223. Tiyang èstri punika sayaktos juru panggulawènthahing laré sarta ingkang nyithak kalakuanipun. 224-226. Wawatesipun pisahan ingkang namung sawatawis mangsa. 227, 228. Pegat: Danguning nyarantosaken sarta pulihing sasambetanipun jojodhoan.

222 Wong padha takon marang sira prakara anggarap sari.[286] Kan-

وَيَسْأَلُونَكَ عَنِ الْمَحِيضِ ۖ قُلْ هُوَ أَذًى

284. Peperanganipun para Muslimin kaliyan para manembah brahala, punika nuwuhaken kawontenan-kawontenan énggal; para manembah brahala sapunika boten namung dados golonganing titiyang ingkang béda agaminipun kaliyan para Muslimin kémawon, nanging ugi dados mengsah ingkang samedya numpes para Muslimin. Sésémahan kaliyan tiyang saking golongan ingkang merangi para Muslimin, mesthi badhé nuwuhaken babaya tuwin nuwuhaken nalar ingkang ruwed warni-warni. Manawi kacundhukaken kaliyan dhawuh ing 60: 10, tétéla manawi sésémahan kaliyan titiyang saking golongan punika, sanajan ingkang sampun kelajeng pisan, inggih kedah dipun pedhot, margi saking paperangan wau, mila sésémahan makaten punika dipun awisi. Nanging ing rèhning panembah brahala makaten ngalang-alangi kamajengan pikiran, mila sanajan wiwit tumindakipun awisan wau ing nalika wonten kawontenan-kawontenan ingkang tartamtu, tumindakipun awisan wau lastantuning salamilaminipun. Perlu dipun terangaken bilih tumrap titiyang pandhèrèking kitab, béda malih garapipun (mirsanana 5: 5). Dados para manembah brahala ing ngriki punika ingkang dipun karsakaken bangsa Arab ingkang boten gadhah cecepengan kitab ingkang mangka tuntunan. Angger-angger Yahudi ngawisi sésémahan kaliyan sadaya umat sanèsipun Yahudi (Pangandharing Torèt 7: 3,4). Dalasan Paulus, ingkang pamanggihipun ing bab sanès-sanèsipun longgar sanget, inggih ngawisi tur kanthi kenceng sésémahan kaliyan tiyang kafir. "Aja padha narik pasangan kang gèsèh rinakit karo wong kang ora pracaya, sabab, ana babathon apa ing antarané kabeneran lan duraka, tuwin ana patunggalan apa ing antarané papadhang lan pepeteng" (II Korinti 6: 14). Angger-anggèripun Islam nyaékaken angger-angger Yahudi tuwin angger-angger Nasrani. Mirsanana 667.

285. Ing ngriki katerangaken nalar-nalaripun déné sésémahan kaliyan tiyang manembah brahala, inggih punika mengsah-mengsahipun para Muslimin, dipun awisi. Ngajak dhateng latu, punika tegesipun ngajak dhateng karisakan tumrap ing gesang sapunika punika, boten prabéda kalayan suwarga, punika ingkang dipun karsakaken kabegjan. Para titiyang Turki ingkang sami sésémahan kaliyan para wanita Yunani, Ustria tuwin Prancis, sanajan sampun sami sumerep bilih bangsa-bangsa wau sami ngangkah ing karisakanipun, sami angsal wulang-wuruk, punapa menggah ing sajatos-jatosipun latu ing dhawuh ngriki punika, awit dharah ngamonca ingkang kalebet wonten ing antawisipun bangsa Turki wau lajeng ngrikiti Kerajan Turki saking nglebet.

286. Ruku' ingkang sampun, ngrembag prakawis-prakawis ingkang tuwuh awit saking wontenipun peperangan ingkang dipun alami déning para Muslimin ing wekdal wau. Bab ingkang kantun piyambak, inggih punika prakawis sésémahan kaliyan titiyang golonganipun mengsah. Sasampunipun ngrembag bab sésémahan, Quran lajeng nglajengaken ngrembag bab prakawis kawajiban-kawajiban ingkang gagandhèngan kaliyan sésémahan. Lah ing bab prakawis punika ugi wonten sasambetanipun

Ar. *rada ala*

dhanana: Iku *rada mitunani*,[287] mulané padha ngedohana wong wadon ing sajroné anggarap sari, sarta aja sira cedhaki nganti tekan resiké, déné yèn dhèwèké wis resik, lah kumpulana, kaya déné anggoné Allah dhawuh marang sira; sayekti Allah iku remen marang wong wadon kang tansah padha tobat, sarta Panjenengané remen marang wong kang resikan.

فَاعْتَزِلُوا النِّسَآءَ فِي الْمَحِيضِ ۙ وَلَا تَقْرَبُوهُنَّ حَتّٰى يَطْهُرْنَ ۚ فَإِذَا تَطَهَّرْنَ فَأْتُوهُنَّ مِنْ حَيْثُ أَمَرَكُمُ اللّٰهُ ۗ إِنَّ اللّٰهَ يُحِبُّ التَّوَّابِينَ وَيُحِبُّ الْمُتَطَهِّرِينَ ﴿٢٢٢﴾

Ut. *apa karepira*

223 Wong wadonira iku tumrap sira sawah, mulané padha tekaa marang sawahira *samangsa sira karep*[288] lan padha andhisikna

نِسَآؤُكُمْ حَرْثٌ لَّكُمْ فَأْتُوا حَرْثَكُمْ أَنّٰى شِئْتُمْ ۙ وَقَدِّمُوا لِأَنْفُسِكُمْ ۗ

---

kaliyan bab prakawis perang. Peperangan punika boten namung mahanani wontenipun laré-laré yatim kémawon, nanging ugi mahanani titiyang èstri dados warandha. Mila ing ngriki lajeng badhé ngrembag bab prakawis wewenangipun para warandha tuwin prakawis anggènipun sésémahan malih. Nanging rèhning bab prakawis wewenangipun titiyang èstri ingkang kapegat tuwin prakawis anggènipun sésémahan malih, punika sasambetan rapet kaliyan prakawis saminipun punika ingkang tumrap para warandha ingkang tinilar pejah déning ingkang jaler, mila pangrembagipun bab punika inggih dipun wiwiti kaliyan prakawis-prakwis ingkang gagayutan kaliyan titiyang èstri ingkang kapegat. Déné milanipun bab prakawis anggarap sari dipun anggé pupucuking rembag bab prakawis pegat, awit pegat ingkang kadhawahaken ing salebetipun èstri saweg anggarap sari, punika boten absah lan batal (Bkh). Ing kalanipun èstri saweg anggarap sari, punika kaawisan boten kénging dipun kempali; dados, rèhning anggarap sari makaten sampun nama ngawontenaken kawontenan ingkang sawarni pipisahan, mila pegat ingkang saleres-leresipun pipisahan saèstu, punika boten saged kelampahan wonten ing wekdal wau. Awit miturut agami Islam, sagedipun pegat punika sah, kedahipun wonten ing kawontenan, ingkang jaler lan èstri boten wonten pakèwedanipun nyambet sihing sésémahan, perlunipun manawi wonten pasulayan sapélé ingkang sok asring kelampahan tumrap tiyang sésémahan, punika sageda lajeng kasilep déning urubing katresnanipun satunggal dhateng satunggalipun.

287. *Adhâ* punika ateges *rada ala*, langkung ènthèng katimbang ingkang katembungaken *dlarar* (LL), utawi *barang ingkang radi ambabayani* (Mgh-LL). Angger-angger Yahudi ugi ngemot awisan ingkang kados makaten wau kasebut ing Kaimaman 18: 19 tuwin 20: 18, sanajan manut tatacara Yahudi pipisahanipun tiyang jaler kaliyan ingkang èstri punika kedah ingkang langkung sampurna malih, boten namung kawatesan nyegah saresmi thok.

288. *Annâ* ateges *matâ*, jawinipun *samangsa*, utawi *kaifa*, jawinipun *kapriyé* (AH). Dhawuh ingkang pasaja punika boten ngemu raos ingkang "nyolok mata." Quran punika ngemot pitedah tumrap kasaénanipun jasmani, budipakerti tuwin ruhaninipun manusa; manawi ngrembag prakawis ingkang alus-alus mesthi mawi basa ingkang menggahing kasucianipun boten wonten ingkang nyamèni wonten ing angger-angger sanès-sanèsipun manawi ngrembag bab prakawis punika ugi. Pranyata punika mu'jizatipun Quran Suci, awit ingatasipun Quran punika nganggé basanipun satunggaling bangsa ingkang para juru-kidungipun kaloka anggènipun wasis lan remen nganggé tetembungan ingkang lekoh-lekoh manawi nerangaken sasrawunganipun jaler lan èstri, éwadéné kasucianing basanipun Quran boten wonten ingkang nyamèni. Sintena kémawon ingkang taksih tidha-tidha dhateng katrangan punika prayogi nyatakaken kémawon sarana nandhing Kitab Quran kaliyan Bébel manawi ngrembag prakawis makaten wau. Tetembungan ingkang kagem mangandhikakaken sasrawunganipun jaler lan èstri ingkang lebet-lebet, punika ingkang kathah yasanipun Quran Suci piyambak, awit saking punika mila tetembunganipun Quran Suci punika boten adamel mengkirig dhateng para èstri ingkang sami maos, boten kados déné pratélanipun Bébel ingkang kathah-kathah. Tiyang èstri kasanépakaken kados

وَاتَّقُوا اللّٰهَ وَاعْلَمُوْٓا اَنَّكُمْ مُّلٰقُوْهُ ۗ
وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿٢٢٣﴾

agawé becik ing awakira, lan padha bektia ing Allah sarta padha weruha yèn sira iku bakal padha ketemu Panjenengané, lan awèha warta becik marang para wong kang padha angèstu.

وَلَا تَجْعَلُوا اللّٰهَ عُرْضَةً لِّاَيْمَانِكُمْ اَنْ تَبَرُّوْا
وَتَتَّقُوْا وَتُصْلِحُوْا بَيْنَ النَّاسِ ۗ وَاللّٰهُ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ﴿٢٢٤﴾

224 Lan Allah aja sira dadèkaké alangan anggonira bakal atindak utama lan bekti apa déné anjumenengaké rahayu antaraning para manusa, déning anggonira wus supata (kalawan anebut asma-Né), lan Allah iku Amiyarsa, Angudanèni.[289]

لَا يُؤَاخِذُكُمُ اللّٰهُ بِاللَّغْوِ فِيْٓ اَيْمَانِكُمْ وَلٰكِنْ
يُّؤَاخِذُكُمْ بِمَا كَسَبَتْ قُلُوْبُكُمْ ۗ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ حَلِيْمٌ ﴿٢٢٥﴾

225 Allah ora nganggep sira ananggung marang apa kang lalahan ing dalem supatanira, ananging Panjenengané anganggep sira ananggung apa wohing panggawéné atinira, lan Allah iku Aparamarta, *Momot*.[290]

Ut. *Aris*

---

déné pategilan, punika kanggé anedahaken bilih tiyang èstri punika ingkang anggulawentah laré sarta ingkang nyithak bubudènipun manusa, lan malih kanggé anedahaken bilih maksudipun ingkang sajati jaler lan èstri akaron sih, punika boten karana badhé damel pamareming pépénginanipun hawa nafsu. Thukulipun tataneman punika gumantung dhateng kawontenanipun siti, lah makaten ugi thukulipun manusa tuwin panyithaking budipakertinipun, punika inggih gumantung ing biyung. Punika anedhahaken sapinten genging wigatosipun tiyang èstri tumrap sésémahan tuwin tumrap babrayan.

289. Tegesipun: tiyang punika sampun sok saben-saben supata mawi asmanipun Allah, bilih boten badhé nindakaken satunggaling pandamel, mindhak piyambakipun nama kécalan kelonggaran kanggé nindakaken kasaénan, ingkang kelanturipun, ing salebetipun makaten wau, piyambakipun mawi ngaken-akenaken bilih Gusti Allah ngalang-alangi anggènipun badhé nindakaken kasaènan, dupèh sampun supata kanthi nyebut asmanipun Allah wau, mangka Gusti Allah malah andhawuhaken nindakaken kasaènan. '*Urdlah* punika *barang ingkang kanggé ngalang-alangi satunggaling barang,* utawi *ingkang kapasang saéngga lésan kados déné lésaning panah.* Utawi tembung wau ateges *alangan ingatasipun awon lan saé*, déné suraosipun makaten: "Aja sok saben-saben gawé santholan sarana supata kalayan sok dianggo sebutaning supata kang lumrah-lumrah lan supata kang saben-saben diucapaké, utawa Allah aja sok dianggo lésaning sumpah kaya déné lésaning panah, supaya .... sapituruté (Bd). Utawi, miturut sawenèh ngulami: "Aja pisan nyebut asmané Allah kanggo sarana ngantebaké supata" (LL). Ayat ngandhapipun ayat punika badhé nerangaken bab pipisahan sawatawis wekdal antawisipun tiyang jaler kaliyan rabinipun. Rèhning pipisahan makaten wau adhadhasar supatanipun ingkang jaler, bilih boten badhé ngempali rabinipun, mila Quran Suci boten mrayogèkaken sanget sarupaning supata bangsanipun ingkang kados makaten wau, inggih punika supata ingkang ngalang-alangi tiyang badhé nindakaken kasaénan punapa kémawon. Dhawuh punika nedahaken bilih netepi wajibing tiyang sésémahan, punika kalebet pandamel saé. Dados bab supata punika inggih dados pupucukipun rembag bab prakawis pegat.

290. *Supata lalahanan* punika ingkang dipun karsakaken *supata ingkang boten kajarag* nalika pawicantenan limrah, déné *apa wohing panggawéné ati*, punika ingkang dipun karsakaken *supata ingkang kajarag* (Rz).

226 Tumrap para kang padha supata ora bakal angumpuli wong-wong wadoné,[291] kuduné anyarantèkna patang sasi; banjur, manawa ambalèni, sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[292]

لِلَّذِينَ يُؤْلُونَ مِن نِّسَآئِهِمْ تَرَبُّصُ أَرْبَعَةِ أَشْهُرٍ فَإِن فَآءُو فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٢٢٦﴾

227 Lan manawa wus padha anetepaké pegat,[293] lah sayekti Allah iku Miyarsa, Ngudanèni.

وَإِنْ عَزَمُوا ٱلطَّلَاقَ فَإِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٢٧﴾

---

291. *Ila*’ punika tegesipun *supata boten badhé ngempali sémahipun.* Nalika jaman jahiliyah tiyang Arab asring supata makaten wau, sarta rèhning wekdal anggènipun pipisahan punika boten dipun watesi, mila tarkadhang ingkang èstri punika kepeksa kabanda ing sajegipun gesang, dados sémah boten, dados tiyang èstri ingkang kapegat, ingkang lajeng kénging laki kaliyan tiyang sanès, inggih boten. Angger-anggeripun Quran mranata, manawi ingkang jaler boten purun wangsul kados sacaraning tiyang sésémahan ing salebetipun sekawan wulan, ingkang èstri kedah kapegataken (Rz).

292. “Ambalèni” ing ngriki ingkang dipun karsakaken wangsul kempal sacaraning tiyang sésémahan (Rz).

293. *Thalâq* punika tembung aran saking tembung kriya *thalaqat*, manawi kanggé tumrap tiyang èstri, ateges: *piyambakipun mardika nindakaken sakajengipun piyambak* utawi *pisah saking sémahipun* (TA-LL), lan ateges *pedhot tangsuling sésémahan* (TA-LL). Bab pegat ingkang kawiwitan ing ngriki, punika karembag wonten ing ruku’ punika tuwin ing kalih ruku’ sambetipun, salajengipun ing surat 4 lan surat 65. Perlu dipun pèngeti bilih dhawuh ingkang kagem miwiti ngrembag prakawis pegat, punika mawi maringi pèpènget sampun ngantos ngecakaken lampah punika kajawi manawi wonten kawontenan ingkang perlu. Ing wekasaning ayat ingkang sampun kadhawuhaken, manawi ing sasampunipun pipisahan ing sawatawis wekdal tiyang jaler purun wangsul kempal malih kaliyan ingkang èstri, piyambakipun kaparingan pangapunten, awit Allah punika Mahangapura, Mahaasih. Nanging manawi piyambakipun kenceng badhé megat sémahipun, manawi piyambakipun lepat margi kesangetan dhateng sémahipun, piyambakipun mesthi badhé angsal pidana, awit sifat *Miyarsa* lan *Ngudanèni* punika anggènipun kasebutaken ngemungaken manawi wonten tindak ingkang boten dipun renani utawi ingkang sanget dipun renani, inggih punika tindak ingkang mawi kagantungan siksa utawi ganjaran. Rèhning ing dalem prakawis punika tangèh yèn ta ginantungan ganjaran, mila tétéla bilih dhawuh wau mengku suraos pèpènget, sampun ngantos pegatan punika, tuwuh saking tindak sawenang-wenang.

Pegat punika salah satunggaling pranatan Islam ingkang asring sanget boten dipun mangertosi menggah ing sajatos-jatosipun ngantos angger-angger Islam kados ingkang dipun anggé wonten ing pangadilan-pangadilanipun paréntah Inggris ing India, punika inggih boten sepen saking paham ingkang lepat wau. Angger-angger Islam bab pegat ingkang enggel-enggel, kados déné ingkang kawarsitakaken déning Quran Suci, badhé kasebutaken samangsa nafsiri ayat-ayat ingkang mligi ngrembag bab punika. Ing ngriki kénging kula terangaken bilih angger-anggeripun Islam langkung sampurna manawi katandhing kaliyan angger-angger Yahudi tuwin angger-angger Nasrani, kados déné ingkang kapacak wonten ing Pangandharing Torèt tuwin ing Mattéus. Kasampurnanipun wau ingkang enggel piyambak, inggih punika miturut angger-anggeripun Islam, tiyang èstri kénging nedha pegat; Kanjeng Nabi Musa tuwin Kanjeng Nabi ‘Isa boten maringi wewenang wau dhateng tiyang èstri. Kuciwa sanget déné satunggal punika boten dipun akeni wonten ing India. Kawigatosanipun malih, angger-angger bab pegat cara Islam, punika membat sanget tuwin sabab-sabab ingkang ngéngingaken pegatan punika boten kawatesan kalayan kenceng. Sayektosipun, manawi bangsa-bangsa ingkang sampun majeng ing Éropa lan ing Amérika piyambak boten saged sarujuk anggènipun namtokaken sabab-sabab ingkang ngengingaken pegatan, mangka bangsa-bangsa wau agaminipun sami, tataraning kamajenganipun sami, tuwin raosipun tumrap prakawis babrayan lan budipakerti sami, lah punapa malih agami jajagadan kados déné agami Islam punika, yèn ta karsaha matesi sabab-sabab kéngingipun

228 Lan wong wadon kang dipegat iku kudu anyarantèkaké awaké telung pasucèn,[294] lan ora kena tumrap dhèwèké yèn anu-tupana apa kang wus katitahaké déning Allah ana ing sajroning talanakané, manawa dhèwèké padha angèstu ing Allah lan dina akhir; lan lakiné iku luwih gedhé wewenangé ambalèni dhèwèké ing dalem (mangsa nyrantèkaké) mang-kono iku, yèn sumedya pirukun;[295] lan dhèwèké (wong wadon) duwé wewenang sapadhané kang ditrap-aké marang awaké (wong wadon) kalawan cara kang bener becik,[296]

وَالْمُطَلَّقٰتُ يَتَرَبَّصْنَ بِأَنْفُسِهِنَّ ثَلٰثَةَ قُرُوْٓءٍ ۗ
وَلَا يَحِلُّ لَهُنَّ اَنْ يَّكْتُمْنَ مَا خَلَقَ اللّٰهُ فِيْٓ
اَرْحَامِهِنَّ اِنْ كُنَّ يُؤْمِنَّ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ ۗ
وَبُعُوْلَتُهُنَّ اَحَقُّ بِرَدِّهِنَّ فِيْ ذٰلِكَ اِنْ اَرَادُوْٓا
اِصْلَاحًا ۗ وَلَهُنَّ مِثْلُ الَّذِيْ عَلَيْهِنَّ بِالْمَعْرُوْفِ

---

pegatan, jalaran sabab-sabab wau boten kénging boten mesthi béda-béda lan éwah gingsir gumantung ing kawontenaning para manusa tuwin kawontenanipun babrayan, jer agami Islam punika kakarsakaken kanggé agaminipun sadaya jaman lan sadaya nagari, kanggé agaminipun bangsa-bangsa ingkang taksih asor tataraning kamajenganipun tuwin bangsa-bangsa ingkang sampun inggil kamajenganipun.

Prayogi katerangaken pisan ing ngriki bilih sanajan pegatan punika dipun idini déning Islam, janji cekap sabab-sababipun, éwadéné wewenang punika kéngingipun katindakaken namung manawi perlu sanget. Quran piyambak nayogyani anggènipun Kanjeng Nabi wantos-wantos dhateng sahabat Zaid sampun ngantos megat sémahipun, sanajan ta sampun dangu anggènipun pasulayan (33: 37). Dhawuhipun Kanjeng Nabi: *padha-padha barang kang kaidèn marang manusa, pegatan iku kang banget dhéwé anggoné ora direnani déning Gusti Allah* (AD), punika tansah dados pamekak manawi dhawuhipun Quran Suci punika dipun suraos kanthi cul-culan kémawon. Kasebut ing hadits wonten prakawis pegat pinten-pinten ingkang boten dipun absahaken déning Kanjeng Nabi (Bkh).

294. Wekdal kanggé nyrantosaken, utawi ‘*iddah*, punika dados rukunipun pranatan Islam bab pegat. Nanging tumrap prakawis tiyang sésémahan ingkang dèrèng naté kempal, boten sisah mawi ngiddah (33: 49).

295. Menggah ing sajatos-jatosipun ngiddah punika pipisahan ing sawatawis wekdal ing salebetipun wekdal wau tiyang kénging wangsul kempal sésémahan malih. Wekdal kanggé pipisahan punika dumunung dados pamekaking pegatan, sarta punika babagan ingkang kaping kalih ingkang kasebutaken déning Quran Suci gagayutan kaliyan pranatan bab pegat. Manawi sésémahan punika taksih tinangsulan ing tresna, ing salebetipun pipisahan sawatawis mangsa wau mesthi nuwuhaken panalangsa tumrap kalih-kalihipun, temahan saged ngrukunaken malih, tuwin pasulayanipun ingkang sampun-sampun lajeng lebur atanpa tilas. Punika panjagi ingkang prayogi piyambak, kanggé rumeksa sampun ngantos tiyang klèntu anggènipun migunakaken pegat; awit kanthi lampah punika, ngemungaken sésémahan ingkang pancèn pantes wudhar déning sepen ing katresnan kémawon, ingkang wasananipun wudhar saèstu. Sésémahan ingkang tanpa katresnan, punika kados déné raga ingkang tanpa jiwa, langkung saé tumunten dipun pisahaken. Dados sanajan pranatan Islam bab pegat punika mawi dipun wonteni syarat-syarat kanggé anggegesang katresnan, éwadéné pranatan wau mamrih pedhotipun tatangsuling sésémahan, manawi sampun tétéla bilih kalih-kalihipun boten tresna-tinresnan.

296. Ing dhawuh ngriki katerangaken bilih wewenangipun tiyang èstri dhateng lakinipun, punika sami kaliyan wewenangipun tiyang jaler dhateng rabinipun. Sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi pratélan punika nuwuhaken gendra wonten ing babrayan ingkang boten naté ngakeni wewenangipun tiyang èstri. Pancèn éwah-éwahan ing babagan punika éwah-éwahan ingkang ngegèt-gètaken, jalaran dumugi ing wekdal wau panganggepipun bangsa Arab dhateng tiyang èstri punika

وَلِلرِّجَالِ عَلَيْهِنَّ دَرَجَةٌ ۗ وَاللّٰهُ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ﴿٢٢٨﴾

lan wong lanang angungkuli satataran karo dhèwèké;[297] lan Allah iku Minulya, Wicaksana.

RUKU' 29

Pegat

229. Manawi sampun kados pundi pegat boten kénging wangsulan malih, sarta hakipun tiyang èstri dhateng punika. 230. Kadadosanipun pegat ingkang boten kénging wangsulan. 231. Hakipun tiyang èstri: boten purun dipun wengku déning dipun dhawahaken ing kapitunan.

اَلطَّلَاقُ مَرَّتٰنِ ۖ فَاِمْسَاكٌۢ بِمَعْرُوْفٍ اَوْ تَسْرِيْحٌۢ

229 Pegat iku kena (ditibakaké) rong rambahan;[298] banjur wengkunen kalawan pangrengkuh becik utawa uculna kalawan becik;[299] lan

namung kasamèkaken kaliyan rajakaya, mangka ing samangké para èstri kaparingan lenggah ingkang sami punapa-punapanipun kaliyan tiyang jaler, awit kaundhangaken manawi para èstri punika gadhah wewenang ingkang sami kaliyan wewenangipun tiyang jaler dhateng piyambakipun. Undhang-undhang punika boten namung ngawontenaken éwah-éwahan ingkang ngagèt-gètaken ing tanah Arab kémawon, nanging ugi ing saindhenging jagad, jalaran ing sadèrèng-dèrèngipun, tiyang èstri lan tiyang jaler kasami wewenangipun punika dèrèng naté katindakaken déning bangsa punapa kémawon utawi déning juru-pambangun punapa kémawon. Malah dumugi ing dinten punika ugi dèrèng dipun akeni wonten ing antawisipun bangsa-bangsa ingkang sampun majeng. Tiyang èstri sampun boten dipun sawiyah sakajeng-kajengipun malih déning "gustinipun," wangsul piyambakipun kénging nedha kasami kados déné sémah utawi nedha pegat.

297. Pratélan bilih "wong lanang iku angungkuli satataran karo dhèwèké," punika boten teka ngewukakaken wewenang-wewenang ingkang sampun katamtokaken ing dhawuh ingkang sampun, wangsul punika gagayutan kaliyan bab prakawis sanès ingkang béda sanget, ingkang katerangaken ing 4: 34 (mirsanana 568).

298. Pranatan ingkang kaping tiga ing bab prakawis pegat, inggih punika pegat ingkang kénging kajabel (kénging wangsulan malih), kados ingkang kasebut ing ayat ingkang sampun, punika kéngingipun kadhawahaken namung kalih rambahan. Ing nalika jaman jahiliyah tiyang jaler asring megat sémahipun lan dipun wangsuli malih ing salebetipun wekdal ingkang katamtokaken, sarta anggènipun nindakaken makaten wau sanajan ngantosa kaping sèwu kéngang-kénging kémawon (Rz). Agami Islam ambangun tatacara punika sarana ngidini andhawahaken pegat ingkang kénging kajabel kalih rambahan, supados ngiddahipun saben rambahan punika dados wekdal pipisahan sawatawis mangsa, ingkang ing salebetipun mangsa wau tiyang kénging wangsulan sésémahan malih.

299. Pranatan ingkang kaping sekawan inggih punika sasampunipun andhawahaken pegat ingkang kaping kalih, tiyang jaler kedah namtokaken kakencenganipun, punapa wangsulan kaliyan sémahipun ing salami-laminipun punapa saèstu pipisahan. Maksudipun sésémahan ingkang sajatos, punika kawengku wonten ing dhawuh ingkang pasaja; *wengkunen kalawan pangrengkuh becik*. Manawi tiyang sésémahan boten atut runtut, wangsul namung tansah paben lan pasulayan, sarta sasampunipun ngalami pipisahan ing sawatawis wekdal ngantos kaping kalih meksa tétéla boten kaiket ing tresna jati sésémahanipun, lah terang manawi "pangrengkuh ingkang saé" boten wonten, boten wonten malih jampinipun kajawi ingkang èstri kedah *dipun uculaken kalayan saé*. Rékadaya ingkang kalayan saèstu sampun katindakaken, éwadéné meksa tétéla manawi sésémahanipun tanpa katresnan babar pisan; awit saking punika sésémahan makaten wau kedah kaanggep wuk boten dados, sarta murih kasaénanipun babrayan, sésémahan ingkang kados makaten wau kedah boten dipun lajengaken, ingkang supados kakalihipun saged sésémahan malih. Nanging nadyan ngantos nganggé lampah ingkang mangka sanjata pamungkas wau, garapipun dhateng tiyang èstri kedah ingkang saé.

بِإِحْسَانٍ ۗ وَلَا يَحِلُّ لَكُمْ أَنْ تَأْخُذُوا مِمَّا
آتَيْتُمُوهُنَّ شَيْئًا إِلَّا أَنْ يَخَافَا أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ
اللَّهِ ۖ فَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ اللَّهِ فَلَا
جُنَاحَ عَلَيْهِمَا فِيمَا افْتَدَتْ بِهِ ۗ تِلْكَ

ora kena tumrapé sira yèn anjupuka apa kang wus sira wènèhaké marang dhèwèké (wadon) sathithik-thithika,[300] kajaba yèn sakaroné padha kuwatir manawa ora bisa netepi angger-anggering Allah; mulané manawa sira kuwatir manawa sakaroné ora bisa netepi angger-anggering Allah, lah ora cacad ingatasé sakaroné tumrap pawèwèhé si wadon amrih bisané pegat,[301] Iki angger-anggering

---

300. Pranatan ingkang kaping gangsal ingkang gagayutan kaliyan angger-angger Islam bab pegat, inggih punika tiyang jaler kedah jangkep pambayaripun maskawin dhateng tiyang èstri; punika saged dados pamekak ingkang kiyat dhateng tiyang jaler, murih tiyang jaler boten gumampil andhawahaken pegat ingkang pancènipun boten perlu. Saya manawi maskawinipun wau kathah, pegatan punika namung katindakaken manawi sampun boten wonten margi sanès.

301. Punika pranatan ingkang kaping nem ingkang gagayutan kaliyan bab pegat, inggih punika tiyang èstri gadhah wewenang nedha pegat. Agami Islam maringi dhateng tiyang èstri wewenang nedha pegat, manawi piyambakipun purun mangsulaken maskawin ingkang mesthinipun sampun katampi, sadaya utawi sapérangan, sami kados déné anggènipun agami maringi dhateng tiyang jaler wewenang andhawahaken pegat. Punika salah satunggaling sifatipun Islam ingkang miyambaki, ingkang boten pinanggih wonten ing agami sanès-sanèsipun ing jagad punika. Lalampahanipun Jamilah èstrinipun Tsabit bin Qais, punika salah satunggalipun lalampahan ingkang kasebut ing hadits-hadits ingkang kénging sanget pinitados. Ing ngriku tétéla ingkang boten narimah punika ingkang èstri. Nalika wadul dhateng Kanjeng Nabi Suci, piyambakipun munjuk kalayan terang manawi pancèn boten naté paben kaliyan sémahipun. “Kula boten manggih cacadipun, inggih menggahing kalakuwanipun (inggih punika garapipun dhateng èstri) utawi agaminipun.” Déné ingkang dados sabab, margi piyambakipun boten remen kaliyan ingkang jaler. Kanjeng Nabi megataken piyambakipun kanthi mawi janji kedah mangsulaken dhateng sémahipun pategilan ingkang dipun sukakaken dhateng piyambakipun minangka maskawin (Bkh). Malah kacariyosaken, bilih ingkang jaler punika sakalangkung ageng tresnanipun dhateng ingkang èstri (Rz). Dados manawi namung sabab rumaos boten jodho anggènipun sésémahan tiyang èstri kénging nedha pegat, lah punapa malih manawi sabab boten saé garapipun ingkang jaler, utawi sabab sanès-sanèsipun ingkang pantes, tiyang èstri saya wenang sanget nedha pegat. Wonten ing antawisipun para Muslimin ingkang rumiyin-rumiyin wewenang punika wewenang ingkang umum dipun akeni. Ing sapunika ing wewenang punika tumindak wonten ing nagari-nagari Islam. Miturut istilah, pegatan ingkang kados makaten wau kawastanan *Khulu*’.

Perlu dipun pèngeti bilih sanajan ayat punika dados dhadhasaring pranata bab *khulu*’, éwadéné ungelipun nedahaken bilih ingkang kajeng badhé pegatan punika kalih-kalihipun (dados boten namung ingkang èstri thok utawi ingkang jaler thok). Dhawuh ingkang mungel *kajaba manawa sakaroné padha kuwatir manawa ora bisa netepi angger-anggering Allah*, punika kateranganipun: manawi kalih-kalihipun sami boten saged netepi wajibipun sésémahan lan boten saged atut runtut kalayan saé (Bkh). Déné sababipun mila makaten, bokmanawi kémawon margi saking dhawuh wau nyambeti dhawuh ingkang maréntahaken lastantunipun sésémahan ingkang sampun boten kénging dipun wudhari malih, sasampunipun ingkang jaler andhawahaken pegat ingkang kaping kalih malih lastantun sésémahan; dadosipun, sagedipun sésémahan punika wudhar, manawi ingkang èstri ingkang rumaos sampun boten kiyat nglampahi. Sabab sanèsipun malih, bokmanawi margi limrahipun tiyang èstri punika boten remen pegatan.

Dhawuh: *manawa sira kuwatir* punika tétéla tumuju dhateng para juru-nyepeng pangadilan (Rz), lah punika pranatan ingkang kaping pitu tumrap angger-angger bab pegat, inggih punika: pangadilan

Ar. *nerak*

Allah, mulané aja sira padha nerak, lan sapa sing *padha nerak* angger-anggering Allah iki para kang atindak dudu.

حُدُودُ اللَّهِ فَلَا تَعْتَدُوهَا ۚ وَمَن يَتَعَدَّ
حُدُودَ اللَّهِ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ٢٢٩

230 Mulané, manawa si lanang wis megat si wadon,[302] ing sawisé iku ora halal si wadon tumrapé si lanang, nganti tekan yèn wis laki bojo liyané; manawa iki iya wis megat si wadon, lah ora cacad ingatasé sakaroné yèn ta padha balèna (sarana nikah), yèn padha ngira bakal padha bisa netepi angger-anggering Allah,[303] lan iki angger-anggering Allah Panjenengané anggelaraké iki marang kaum kang padha weruh.

فَإِن طَلَّقَهَا فَلَا تَحِلُّ لَهُ مِن بَعْدُ حَتَّىٰ
تَنكِحَ زَوْجًا غَيْرَهُ ۗ فَإِن طَلَّقَهَا فَلَا جُنَاحَ
عَلَيْهِمَا أَن يَتَرَاجَعَا إِن ظَنَّا أَن يُقِيمَا
حُدُودَ اللَّهِ ۗ وَتِلْكَ حُدُودُ اللَّهِ يُبَيِّنُهَا
لِقَوْمٍ يَعْلَمُونَ ٢٣٠

---

ingkang kénging nyampuri prakawis wau. Riwayat anyebutaken, wonten prakawis pegat ingkang kalayan sawenang-wenang, dipun leresaken déning pangadilan.

302. Ingkang dipun karsakaken inggih punika dhawuhing ayat ingkang sampun "uculna kalawan becik." Dados *pegat* ing ngriki, ingkang dipun karsakaken pegat ingkang sampun boten kénging kajabel malih, pegat ingkang kadhawahaken kaping tiga, inggih punika ing sasampunipun kelampahan pegatan lan wangsulan ngantos rambah kaping kalih.

303. Sasampunipun andhawahaken pegat ingkang boten kénging kajabel malih, ingkang jaler boten kénging wangsulan asésémahan malih kaliyan ingkang èstri, ngantos manawi tilas sémahipun wau sampun sésémahan kaliyan tiyang sanès sarta kapegat. Punika pranatan ingkang kaping wolu tumrap angger-angger bab pegat. Ayat punika wigatos anyirnakaken tatacara awon ingkang winastan *halâlah*, inggih punika sésémahan ing sawatawis wekdal, ingkang boten sanès pamrihipun kajawi supados èstri ingkang kapegat wau kénging kasémah malih déning lakinipun ingkang sapisan. Tatacara punika kalimrah nalika jaman jahiliyah. Kanjeng Nabi nyuwak tatacara wau. kasebut ing hadits panjenenganipun ngla'nati tiyang ingkang sami nindakaken tatacara wau (IMy-Msh). Déné mesthinipun, kedah sésémahan saèstu tuwin pegatipun inggih pegat sayektos.

Wawates makaten wau nukulaken pangatos-atos ingkang sanget manawi andhawahaken pegat ingkang kaping tiga, sarta gelar yektinipun pancèn langka sanget kelampahanipun, dados punika ugi dados pamekak sampun ngantos asring andhawahaken pegat. Tuwan Muir nerangaken manawi pranatan punika saged nuwuhaken rekaos, boten namung tumrap "èstrinipun ingkang boten lepat kémawon" nanging ugi tumrap "laré-larénipun ingkang boten lepat," jalaran "sanajan dikados punapa kepénginipun ingkang jaler badhé ngleresaken kalepatanipun, pancasan ingkang sampun dhumawuh boten kénging dipun jabel malih." Pamanggih makaten wau lepat sanget, jalaran kéngingipun andhawahaken pegat ingkang boten kénging kajabel, punika manawi sampun kelampahan pipisahan ing sawatawis wekdal ngantos ambal kaping kalih, sarta manawi pangalaman kaping kalih wau sampun ambuktèkaken manawi sésémahan wau boten saged dipun lajengaken. Perlu dipun pèngeti ugi bilih pegat ingkang boten kénging kajabel, punika boten kénging kadhawahaken sapisan rampung. Panjagi ingkang mligi kawontenaken supados tiyang boten gumampil andhawahaken pegat sampun kasebutaken; ing ngriki perlu dipun wewahi katrangan bilih pegat ingkang kaping tiga, inggih punika pegat ingkang boten kénging kajabel malih, punika mesthi langka sanget kelampahanipun, manawi pranatan-pranatan bab pegat kados déné ingkang katerangaken ing dalem Quran Suci punika dipun tetepi sayektos. Ing hadits wonten ingkang nyebutaken prakawis-prakawis pegat ingkang dhumawahing

231 Lan nalikané sira padha megat wong wadon, banjur si wadon tumeka wawangening mangsané, lah dhèwèké wengkunen kalawan pangrengkuh becik utawa uculna kalawan pangrengkuh becik, lan aja nahan dhèwèké karana arep maéka[304] mundhak sira padha nerak wates; lan sing sapa atindak mangkono, sayekti atindak dudu marang jiwané dhéwé; lan aja sira padha nganggep guguyon[305] marang timbalan-timbalaning Allah, lan padha ngélingana nugrahaning Allah marang sira, lan Kitab sarta Kawicaksanan kang katurunaké marang sira, kanggo mituturi sira, lan padha dibekti ing Allah, sarta padha weruha, yèn Allah iku Ingkang-Ngudanèni samubarang.

وَإِذَا طَلَّقْتُمُ النِّسَاءَ فَبَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ
فَأَمْسِكُوهُنَّ بِمَعْرُوفٍ أَوْ سَرِّحُوهُنَّ
بِمَعْرُوفٍ ۚ وَلَا تُمْسِكُوهُنَّ ضِرَارًا لِتَعْتَدُوا ۚ
وَمَنْ يَفْعَلْ ذَٰلِكَ فَقَدْ ظَلَمَ نَفْسَهُ ۚ وَلَا
تَتَّخِذُوا آيَاتِ اللَّهِ هُزُوًا ۚ وَاذْكُرُوا نِعْمَتَ
اللَّهِ عَلَيْكُمْ وَمَا أَنْزَلَ عَلَيْكُمْ مِنَ الْكِتَابِ
وَالْحِكْمَةِ يَعِظُكُمْ بِهِ ۚ وَاتَّقُوا اللَّهَ وَاعْلَمُوا
أَنَّ اللَّهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ﴿٢٣١﴾

RUKU' 30

Lakinipun malih Èstri ingkang kapegat tuwin Randha

232. Èstri ingkang kapegat kedah boten dipun alang-alangi laki malih. 233. Èstri ingkang kapegat nusoni anakipun. 234. Laminipun randha anyarantosaken. 235. Laki malih salebetanipun wanci nyarantosaken ingkang tinamtu punika boten kénging.

---

pegat ingkang sapisan lan ingkang kaping kalih punika ngantos sasampunipun let pinten-pinten taun. Upaminipun kémawon lalampahanipun Rukanah. Nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi piyambakipun megat sémahipun, nanging wangsulan; lajeng nalika jamanipun Khalifah 'Umar, Khalifah ingkang kaping kalih, pegatan malih; wekasanipun nalika jamanipun Khalifah 'Utsman, Khalifah ingkang kaping tiga, pegatan saèstu (AD, Imj, Tr, Dr-Msh).

304. Dados manawi tétéla bilih ingkang jaler punika maéka dhateng ingkang èstri, piyambakipun boten kénging mengku ingkang èstri, sarta ingkang èstri kénging nedha pegat. Maéka dhateng rabi, punika kénging ugi asifat umum, kénging ugi paèkan ingkang mengku pamrih kanggé nalikung utawi ngengèl-engèl ingkang èstri, ngantos sagedipun kelampahan angsal pegat, manawi pun èstri purun mangsulaken maskawin, sadaya utawi sabagéan. Paèkan makaten punika asring sanget katindakaken déning titiyang Arab ing sadèrèngipun jaman Islam, déné karsanipun dhawuh punika badhé nyirnakaken piawon wau (Rz). Juru-kukum kedah ngulat-ulataken sampun ngantos ingkang jaler migunakaken wewenangipun ingkang kalayan boten saleres-leresipun. Kosokwangsulipun, tiyang jaler kadhawuhan mintonaken bèrbudinipun dhateng sémahipun ingkang kapegat, sarta juru-kukum kedah ngulat-ulataken punapa dhawuh-dhawuhipun Quran sampun dipun tetepi saèstu.

305. Dhawuh punika nedahaken bilih pegat punika prakawis ageng tur gawat, mila dhawuh-dhawuh ingkang mranata bab punika kedah boten dipun gagampil.

232 Lan manawa sira padha megat wong-wong(-ira) wadon, mangka si wadon wis *rampung* waktu wawangené (anyarantèk-aké), lah aja sira alang-alangi yèn arep padha laki bojo-bojoné, manawa sakaro-karoné wis padha trimané, kalawan cara kang becik;[306] mangkono iku kanggo mituturi sira sapa sing angèstu ing Allah lan dina akhir; mangkono iku tumrapé sira luwih makolèhi lan luwih resik; lan Allah iku Ngudanèni lan sira iku padha ora weruh.

Ar. *teka*

وَإِذَا طَلَّقْتُمُ النِّسَاءَ فَبَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ
فَلَا تَعْضُلُوهُنَّ أَنْ يَنْكِحْنَ أَزْوَاجَهُنَّ
إِذَا تَرَاضَوْا بَيْنَهُمْ بِالْمَعْرُوفِ ۗ ذَٰلِكَ يُوعَظُ
بِهِ مَنْ كَانَ مِنْكُمْ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ
الْآخِرِ ۗ ذَٰلِكُمْ أَزْكَىٰ لَكُمْ وَأَطْهَرُ ۗ
وَاللَّهُ يَعْلَمُ وَأَنْتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ﴿٢٣٢﴾

233 Lan biyung-biyung[307] iku kuduné anusonana anak-anaké ganep rong taun lawasé, tumrap sapa sing arep nyampurnakaké anggoné nusoni; déné pangané lan panganggoné si biyung iku dadi sasanggané si bapa kalawan cara kang becik; aja ana jiwa kapeksa kajaba sakuwasané; aja ana biyung kapitunan déning anaké, lan aja ana bapa (kapitunan) déning anaké; iya kaya mangkono uga wajib kang tumiba ing warising (bapa);[308] ananging manawa saka

وَالْوَالِدَاتُ يُرْضِعْنَ أَوْلَادَهُنَّ حَوْلَيْنِ
كَامِلَيْنِ لِمَنْ أَرَادَ أَنْ يُتِمَّ الرَّضَاعَةَ ۚ
وَعَلَى الْمَوْلُودِ لَهُ رِزْقُهُنَّ وَكِسْوَتُهُنَّ
بِالْمَعْرُوفِ ۚ لَا تُكَلَّفُ نَفْسٌ إِلَّا وُسْعَهَا ۚ لَا
تُضَارَّ وَالِدَةٌ بِوَلَدِهَا وَلَا مَوْلُودٌ لَهُ
بِوَلَدِهِ ۚ وَعَلَى الْوَارِثِ مِثْلُ ذَٰلِكَ ۗ فَإِنْ

---

306. Punika bab ingkang kaping sanga tumrap angger-angger bab pegat. Sampun katerangaken ing ngajeng bilih ing salebetipun ngiddah (wekdal kanggé nyrantosaken) jaler lan èstri kénging wangsulan sésémahan malih. Ing dhawuh ngriki katerangaken, sanajan sampun kliwat mangsanipun ngiddah, tilas ingkang jaler inggih taksih kénging nyémah malih tilas èstrinipun (inggih punika sarana kaningkah malih). Punika ngemungaken tumrap ing wekdal sasampunipun pegatan ingkang sapisan tuwin ingkang kaping kalih. Lalampahanipun sadhèrèkipun èstri Ma'qil bin Yasar misuwur ing bab punika. Sasampunipun kapegat déning ingkang jaler, sarta ngiddahipun sampun pot, kakalihipun sami kajeng badhé sésémahan malih, nanging Ma'qil boten nayogyani. Wasana sareng ayat punika tumurun, kakalihipun wau lajeng dipun nikahaken (Bkh).

Ayat punika ugi mengku suraos ngéngingaken para èstri umumipun ingkang kapegat déning ingkang jaler, sésémahan malih. Manawi kasuraos makaten, dhawuh ingkang mungel: *bojo-bojoné* punika ateges *calon sémahipun*.

307. Nitik sasambetanipun dhawuh, *biyung* ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika tartamtu, inggih punika *tiyang èstri ingkang kapegat, ingkang laré taksih nesep* (Rz).

308. Manawi laré dèrèng kasapih bapakipun tilar donya, warisipun kawajiban ambayari wragad-wragadipun.

أَرَادَا فِصَالًا عَنْ تَرَاضٍ مِّنْهُمَا وَتَشَاوُرٍ
فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِمَا ۗ وَإِنْ أَرَدْتُّمْ أَنْ تَسْتَرْضِعُوْٓا
أَوْلَادَكُمْ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ إِذَا سَلَّمْتُمْ مَّآ
اٰتَيْتُمْ بِالْمَعْرُوْفِ ۗ وَاتَّقُوا اللّٰهَ وَاعْلَمُوْٓا
أَنَّ اللّٰهَ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ﴿٢٣٣﴾

condhongé lan rembugé sakaroné padha arep nyapih, lah ora cacad ingatasé sakaroné; lan manawa sira padha karep arep anginyakaké anak-anakira, iya ora cacad ingatasé sira ing sasuwéné sira ambayar kalawan cara kang becik apa janjinira; lan padha dibekti ing Allah sarta weruha, yèn Allah iku amirsani apa kang padha sira lakoni.

وَالَّذِيْنَ يُتَوَفَّوْنَ مِنْكُمْ وَيَذَرُوْنَ أَزْوَاجًا
يَتَرَبَّصْنَ بِأَنْفُسِهِنَّ أَرْبَعَةَ أَشْهُرٍ وَّعَشْرًا ۚ
فَإِذَا بَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِيْمَا
فَعَلْنَ فِيْٓ أَنْفُسِهِنَّ بِالْمَعْرُوْفِ ۗ وَاللّٰهُ بِمَا
تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ﴿٢٣٤﴾

234 Lan (tumrap) sira kabèh, sapa sing *mati* atinggal rabi, iki kudu nyarantèkaké awaké patang sasi lan sapuluh dina;[309] lah manawa waktu wawangené iku wis *rampung*, iya ora cacad ingatasé sira tumrap apa kang padha dilakoni tumrap awaké dhéwé kang kalawan cara kang becik;[310] lan Allah iku waspada apa kang sira padha lakoni.

Ar. *digawé mati*

Ar. *teka*

وَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِيْمَا عَرَّضْتُمْ بِهٖ مِنْ
خِطْبَةِ النِّسَآءِ أَوْ أَكْنَنْتُمْ فِيْٓ أَنْفُسِكُمْ ۗ عَلِمَ
اللّٰهُ أَنَّكُمْ سَتَذْكُرُوْنَهُنَّ وَلٰكِنْ لَّا تُوَاعِدُوْهُنَّ
سِرًّا إِلَّآ أَنْ تَقُوْلُوْا قَوْلًا مَّعْرُوْفًا ۚ وَلَا تَعْزِمُوْا

235 Lan ora cacad ingatasé sira prakara anggonira nakokaké wong-wong wadon (kang mangkono iku) kalawan tembung adu semu, utawa anggonira anyimpen karepira ing batinira; Allah uninga, yèn sira bakal anglairaké marang dhèwèké, ananging aja sira amènèhi janji marang dhèwèké kalawan dhedhelikan, kajaba kenané yèn sira padha angucapaké tembung kang bener-becik, lan sira aja padha

309. Tumrapipun tiyang èstri ingkang katilar pejah sémahipun, ngiddahipun (wekdalipun ingkang kanggé nyrantosaken) sekawan wulan langkung sadasa dinten. Nanging tumrap èstri ingkang kapegat utawi èstri ingkang katilar pejah sémahipun, punika manawi pinuju ngandhut, ngiddahipun ngantos salahiripun jabang bayi (mirsanana 65: 4).

310. Terangipun èstri warandha wau kénging cacawis ngupados sémah saha lajeng sésémahan malih.

عُقْدَةَ النِّكَاحِ حَتّٰى يَبْلُغَ الْكِتٰبُ اَجَلَهٗ ۗ وَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ مَا فِيْٓ اَنْفُسِكُمْ فَاحْذَرُوْهُ ۚ وَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ حَلِيْمٌ ﴿٢٣٥﴾

Ar. *tumeka-né*

anetepaké bundhelaning nikah, (ngentènana) nganti *sarampungé* wawangening kitab;[311] lan padha weruha, yèn Allah iku ngudanèni apa kang ana sajroning atinira, mulané padha dingati-ati ing Panjenengané, lan padha weruha, yèn Allah iku Aparamarta, *Momot.*

Ar. *Aris*

RUKU' 31

Wewahan papancèn tumrap para Èstri ingkang kapegat tuwin Randha

236, 237. Bagéanipun titiyang èstri ingkang dipun pegat sadèrèngipun salulut. 238, 239. Sholat punika, sanajan pinuju perang, inggih kedah dipun wigatosaken. 240. Piweling (wasiyat) dhateng randha: panggènan lan tedha salebetipun sataun.241, 242. Èstri ingkang kapegat inggih gadhah hak angsal tedha.

لَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ اِنْ طَلَّقْتُمُ النِّسَآءَ مَا لَمْ تَمَسُّوْهُنَّ اَوْ تَفْرِضُوْا لَهُنَّ فَرِيْضَةً ۖ وَّمَتِّعُوْهُنَّ عَلَى الْمُوْسِعِ قَدَرُهٗ وَعَلَى الْمُقْتِرِ قَدَرُهٗ ۚ مَتَاعًا بِالْمَعْرُوْفِ ۚ حَقًّا عَلَى الْمُحْسِنِيْنَ ﴿٢٣٦﴾

236 Ora cacad ingatasé sira manawa sira padha megat para wong wadon ing sadurungé padha sira grayang utawa ing (sadurungé) sira tamtokaké bageané, karo wènèhana bubungah, ingatasé wong lanang sugih samurwaté, lan ingatasé wong lanang mlarat iya samurwaté, bubungah kalawan cara kang becik; kawajiban ingatasé para kang agawé becik (ing liyan).[312]

وَاِنْ طَلَّقْتُمُوْهُنَّ مِنْ قَبْلِ اَنْ تَمَسُّوْهُنَّ وَقَدْ فَرَضْتُمْ لَهُنَّ فَرِيْضَةً فَنِصْفُ مَا فَرَضْتُمْ اِلَّآ اَنْ يَّعْفُوْنَ اَوْ يَعْفُوَا الَّذِيْ

237 Lan manawa padha sira pegat ing sadurungé padha sira grayang sarta wis padha sira tamtokaké bagéané, lah wènèhana saparoné apa katamtuanira mau, kajaba manawa si wadon wis narima utawa si lanang, kang

311. Tegesipun ingkang wantah dhawuh punika kaserat wonten ing margin. *Wawangening kitab* ing ngriki ingkang dipun karsakaken wekdal kanggé nyrantosaken ingkang sampun kapacak ing angger-angger tumrap para èstri (Bd), dados nikahan ing salebetipun ngiddah punika boten sah.

312. *Farîdlah*, utawi *bagéan* punika maskawin. Dados sanajan prakawis maskawin dèrèng wonten katamtuwanipun, sarta anggènipun sésémahan punika dèrèng naté saé, tiyang jaler inggih kedah mintonaken bèrbudinipun dhateng sémahipun ingkang kapegat, inggih punika kedah dipun sukani bagéan, sanajan ta ingkang jaler wau mlarat.

bubundhelaning nikah ana ing tangané, wis narima,[313] wondéné sira padha narima iku luwih cedhak marang bekti; lan aja padha anglirwakaké lubèr ing pawèwèh ing antaranira;[314] sayekti Allah iku mirsani apa kang padha sira lakoni.

بِيَدِهٖ عُقْدَةُ النِّكَاحِ ؕ وَاَنْ تَعْفُوْٓا اَقْرَبُ لِلتَّقْوٰى ؕ وَلَا تَنْسَوُا الْفَضْلَ بَيْنَكُمْ ؕ اِنَّ اللّٰهَ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ﴿۲۳۷﴾

Ut. *miga-tèkna*

238 Padha *rumeksa* marang salat sarta marang salat kang linuhung, sarta padha dijejeg ing pambangun turut marang Allah.[315]

حٰفِظُوْا عَلَى الصَّلَوٰتِ وَالصَّلٰوةِ الْوُسْطٰى ۗ وَقُوْمُوْا لِلّٰهِ قٰنِتِيْنَ ﴿۲۳۸﴾

239 Nanging manawa sira padha nandhang wedi lah (salata) kalawan lumaku dharat utawa kalawan nunggang jaran; déné

فَاِنْ خِفْتُمْ فَرِجَالًا اَوْ رُكْبَانًا ۚ فَاِذَآ

---

313. Tiyang ingkang kasebut: "Kang bubundhelaning nikah ana ing tangané," punika lakinipun (Rz). Déné "narima" punika nglilakaken bagéanipun, inggih punika boten nedha wangsul sapalihing maskawin, ingkang manawi miturut ayat punika piyambakipun gadhah wewenang nedha wangsul. Kapèngetan, fihak jaler purun nglilakaken bagéanipun, punika ing dhawuh ngriki kasebutaken manawi langkung prayogi. *Wondéné sira padha narima iku luwih cedhak marang bekti.*

314. *Fadll* ing ngriki ingkang dipun karsakaken *tindak kautamen*, inggih punika tindak ingkang boten dipun wajibaken; dados ingkang dipun karsakaken punika pawèwèh ingkang tuwuh saking sucining manah.

315. *Ash-Shalatu-l-wusthâ* tegesipun: *salat ingkang saé piyambak* utawi *ingkang linuhung*, boten ateges salat ingkang tengah-tengah, jalaran tembung *wustha* punika tembung watak ingkang suraosipun dipun sangetaken, kang mangka "tengah-tengah" punika boten saged dipun sangetaken suraosipun; dados ingkang saged dipun anggé punika tegesipun tembung *wasath* satunggalipun, inggih punika: *kang linuhung*, awit punika ingkang suraosipun kénging dipun sangetaken. Sajatosipun tembung *wusthâ* punika kénging dipun tegesi *kang luwih tengah-tengah* utawi *kang luwih luhung*, nanging rèhning teges ingkang sapisan wau boten mantuk, mila teges ingkang angka kalih wau ingkang dipun anggé. Kacariyos bilih ingkang dipun karsakaken punika salat ngasar (Bkh). Punapa sajatosipun ingkang dipun karsakaken déning dhawuh wau, wonten panyuraos warni-warni. Nanging béda kaliyan panyuraosipun wau sadaya, ingkang ngantos pitulas warni, kula gadhah paham bilih ingkang dipun karsakaken punika sanès salat ingkang tartamtu, wangsul namung mengku suraos: anggèn kula sami nindakaken salat, punika kedah ingkang kalayan lampah ingkang linangkung. Tembung *wusthâ* ingkang dipun agem, punika sampun kénging dipun anggé wangsulan dhateng para penyela, ingkang sami masthani bilih salat cara Islam punika namung patrap lahir. Quran Suci kebak dhawuh-dhawuh ingkang anedahaken bilih ingkang dipun wigatosaken déning Islam punika ruhipun salat, sanès upacaranipun lahir. Malah Quran Suci nglepataken tiyang ingkang salatipun boten mengku teges ingkang lebet (107: 4-6). Nanging manawi agami Islam boten nganggèkaken kamesthian ingkang ajeg sarta boten nganggèkaken cara ingkang gumathok, saèstu agami Islam punika namung badhé kados agami-agami sanèsipun, inggih punika badhé nemahi namung dados angen-angen thok. Saèstu anèh sanget, titiyang ingkang tumrap kabetahaning badanipun wadhag sanget anggènipun migatosaken dhateng lampah ingkang ajeg, tumrap kabetahaning jiwa boten ngajengi lampah ingkang ajeg makaten wau. Dora sanget manawi para Nasrani ngaken-aken bilih ing antawisipun titiyang Nasrani ingkang sabagéan kathah punika wonten raos konjem tur tulus sembahyangipun. Para Nasrani sami nglirwakaken kamesthian sembahyang, temahan sembahyangipun sembahyang ingkang mèh pejah, manawi boten malah pejah babar pisan. Agami Islam andhawahaken supados kamesthian wau tansah katindakaken, inggih punika sarana nindakaken salat kalayan ajeg, sanajan saweg adep-adepan kaliyan

samangsané sira padha aman, lah padha élinga marang Allah kaya anggoné mulang Panjenengané ing sira barang kang mauné sira padha ora weruh.[316]

أَمِنتُمْ فَاذْكُرُوا اللَّهَ كَمَا عَلَّمَكُم مَّا لَمْ
تَكُونُوا تَعْلَمُونَ ﴿٢٣٩﴾

Ut. *digawé mati*

Ut. *bubungah*

240 Lan sira kabèh sing sapa arep *mati* sarta bakal atinggal rabi, padha (aninggala) weling amènèhi *papancèn* marang para rabiné nganti sataun kalawan ora dikon lunga, ananging manawa padha lunga saka karepé dhéwé, lan ora cacad ingatasé sira tumrap apa tindaké anglakoni cara becik ing awaké dhéwé, lan Allah iku Minulya, Wicaksana.[317]

وَالَّذِينَ يُتَوَفَّوْنَ مِنكُمْ وَيَذَرُونَ
أَزْوَاجًا وَصِيَّةً لِّأَزْوَاجِهِم مَّتَاعًا إِلَى
الْحَوْلِ غَيْرَ إِخْرَاجٍ ۚ فَإِنْ خَرَجْنَ فَلَا
جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِي مَا فَعَلْنَ فِي أَنفُسِهِنَّ
مِن مَّعْرُوفٍ ۗ وَاللَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٢٤٠﴾

---

mengsah. Déné dhawuh bab salat kalebetaken ing babagan ingkang sajak boten wonten sasambetanipun punika, kula aturi mirsani kateranganipun ing ngandhap punika.

316. "Nandhang wedi" ing ngriki ingkang dipun karsakaken ajrih babaya saking mengsah, ingkang saged ugi lajeng nempuh para Muslimin manawi para Muslimin léna saking anggènipun anjagèni mengsah salebetipun sami salat. Dados dhawuh punika mangsuli malih babagan bab perang ingkang sampun kawiwitan nalika marsitakaken bab *qiblah* ingkang sajatosipun tansah karembag ing salebetipun surat punika. Bab warandha, ingkang karembag ing dhawuh ngriki, punika gandhèng rapet kaliyan bab perang, jalaran wontenipun peperangan punika mahanani kathah tiyang èstri ingkang dados warandha. Kajawi punika bab perang punika taksih badhé dipun wangsuli malih wonten ing ruku' candhakipun.

317. Babar pisan boten wonten ingkang nedahaken bilih ayat punika dipun suwak déning ayat Quran sanèsipun. Ayat 234 tuwin 4: 12 boten mengku dhawuh punapa-punapa ingkang cecengkahan kaliyan ayat punika. Ayat 234 nerangaken bilih ngiddahipun tiyang èstri ingkang katilar pejah déning sémahipun punika sekawan wulan sadasa dinten, nanging ayat punika boten nerangaken bab ngiddah; déné ingkang kapangandikakaken namung prakawis tetep manggèn ngantos ing salebetipun satunggal taun kalayan dipun cekapi betahipun. Malah wekasaning ayat punika mangandhikakaken kanthi terang, manawi pun warandha késah saking griya saking kajengipun piyambak …… piyambakipun sampun boten angsal punapa-punapa malih, sarta tumrap warisipun ingkang jaler ingkang sampun tilar donya, boten wonten pakèwedipun malih manawi pun warandha wau nindakaken barang ingkang kaidèn, inggih punika sésemahan malih ing sasampunipun kliwat ngiddahipun sekawan wulan sadasa dinten. Déné dhawuh 4: 12, punika mranata bilih pun warandha wau, kajawi angsal pangayoman kados ingkang kasebutaken ing ayat punika, ugi angsal bandha tilaraning sémahipun ingkang sampun tilar, saprasekawan utawi saprawolon, sarta 4: 12 wau mangandhikakaken kalayan cetha, manawi wonten ingkang kedah katanjakaken kanggé nuhoni wasiyat punika boten cecengkahan kaliyan ayat-ayat sanèsipun, dados sampun boten wonten satunggal punapa ingkang ngleresaken panganggep, bilih ayat punika kasuwak, sarta inggih boten nyata bilih ing sakawit pandumanipun èstri ingkang katilar pejah sémahipun punika namung ngemungaken lastantun dudunung wonten ing griyaning sémahipun ing salebetipun satunggal taun kalayan dipun cekapi kabetahanipun. Dados ingkang kadhawuhaken ing ayat ngriki punika minangka wewahan pandumanipun èstri ingkang katilar pejah ingkang jaler. Ayat sambetipun ingkang andhawuhaken nyukani nafakah dhateng èstri ingkang kapegat, saya saged nyethakaken panyuraos punika, jalaran èstri ingkang kapegat wau angsalipun nafakah boten saged yèn ta kaanggep margi saking anggènipun dados warisipun.

241 Lan tumrap para wadon kang dipegat (iya kudu diwènèhi) papancèn kalawan cara kang becik; (iki dadi) kawajiban ingatasé para kang padha bekti.[318]

وَلِلْمُطَلَّقٰتِ مَتَاعٌۢ بِالْمَعْرُوْفِ ۭ حَقًّا عَلَى الْمُتَّقِيْنَ ﴿٢٤١﴾

242 Kaya mangkono iku Allah anggoné anerangaké timbalan-timbalan-É, darapon sira padha mangertia.

كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمْ اٰيٰتِهٖ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ﴿٢٤٢﴾

RUKU' 32

Kedahipun Perang punika karana Yekti: Gagambaran saking babad Yahudi

243. Para turuning Israil ingkang boten purun perang kedah angraosaken pejah. 244, 245. Para Muslimin dipun dhawuhi anglabuhaken jiwanipun sarta bandhanipun kanggé milujengaken babrayanipun piyambak. 246-248. Saul dipun dadosaken ratuning para turun Israil, nanging punika sami nyawadi, ing ngriku lajeng kaparingan tandha.

Ut. *gogoro-han*

243 Apa sira ora ngélingi marang para kang padha lunga atinggal panggonané, *éwon-éwon,* saking padha wediné ing pati; tumuli Allah mangandikani: Padha matia; banjur padha diuripaké (manèh); sayekti Allah iku temen

اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ خَرَجُوْا مِنْ دِيَارِهِمْ وَهُمْ اُلُوْفٌ حَذَرَ الْمَوْتِ ۠ فَقَالَ لَهُمُ اللّٰهُ مُوْتُوْا ۣ ثُمَّ اَحْيَاهُمْ ۭ اِنَّ اللّٰهَ لَذُوْ

Prayogi kula terangaken pisan, inggih punika sanajan Bkh ngriwayataken hadits ingkang nyariyosaken bilih Bagéndha 'Utsman tuwin sahabat Ibnu Zubair nganggep dhawuh ingkang andhawuhaken nyukani nafakah dhateng èstri warandha ing salebetipun setaun punika sampun kasuwak, éwadéné hadits wau ugi nedahaken bilih Bagéndha 'Utsman piyambak ngandikakaken bilih punika pamanggihipun piyambak; salajengipun nalika panjenenganipun dipun aturi nilar ayat wau déning sahabat Ibnu Zubair, panjenenganipun boten karsa, sarwi ngandika manawi panjenenganipun boten badhé ngéwah-éwah barang titilaranipun Kanjeng Nabi (Bkh). Ingkang makaten wau nandhak-aken kanthi cetha manawi Kanjeng Nabi Suci boten naté ngandikakaken bilih ayat punika kasuwak, sarta Bagéndha 'Utsman pirsa punika, awit saking punika mila panjenenganipun boten wantun ngéwah-éwah. Mirid hadits wau, katawis manawi Bagéndha 'Utsman punika kagungan panginten manawi nyukani nafakah ngantos satunggal taun punika wajib, sarta panjenenganipun boten saged nyundhukakaken ayat punika kaliyan ayat 234. Nanging punika boten namung boten wajib kémawon, kados déné ingkang kacetha wonten ing jarwanipun ayat punika, malah dipun anggepa wajib pisan, dhawuh punika boten cecengkahan kaliyan dhawuh ingkang kamot ing ayat 234, kados déné ingkang kacetha ing katranganipun Mujahid, ingkang ugi dipun riwayataken déning Bkh sasarengan kaliyan nalika ngriwayataken pangandikanipun Bagéndha 'Utsman wau. Mujahid ngandika: "Gusti Allah maringi dhèwèké (warandha) setaun betethet, kang pitung sasi rong puluh dina manasuka manut wasiyat; manawa dhèwèké karep, dhèwèké kena manggon miturut wasiyat (inggih punika manggèn salebetipun satunggal taun kalayan dipun sukani nafakah), sarta yèn dhèwèké karep, lunga saka omah kono iya kena (lan sésémahan malih), manut dhawuhing Quran: *manawa padha lunga saka karepé dhéwé, lah ora cacad ingatasé sira*" (Bkh).

318. Kapèngetan bilih "papancèn" punika minangka wewahan maskawin ingkang kedah kasukakaken dhateng èstri ingkang kapegat wau. Punika nedahaken bilih dhawuh-dhawuhipun Quran Suci tumrap tiyang èstri punika membat lan adil temenan.

lubèr sih paparingé marang manusa, ananging kèh-kèhaning manusa padha ora atur panuwun.[319]

فَضْلٍ عَلَى النَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَشْكُرُونَ ﴿٢٤٣﴾

244 Lan padha peranga ing dadalaning Allah, sarta padha weruha, yèn Allah iku Miyarsa, Ngudanèni.[320]

وَقَاتِلُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٤٤﴾

Ut.*angirisaké Allah bagéan kang luhung*

245 Sapa ta sing *angunjukaké ing Allah pisungsung kang luhung*,[321] lah Panjenengané bakal

مَنْ ذَا الَّذِي يُقْرِضُ اللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا

---

319. *Uluf* punika *jama'*-ipun tembung *alf*, jawinipun sèwu, utawi *jama'*-ipun tembung *âlif* (AH, Msb, Rz), ing ngriku lajeng ateges *grombolanipun tiyang kathah* utawi *gogrombolan* (Bd, Msb-LL). Grombolan ingkang dipun karsakaken ing ayat punika, inggih punika grombolanipun titiyang Israil ingkang kaliyan Kanjeng Nabi Musa nilar nagari Mesir, awit ing Kitab Torèt sagemblenging bangsa Bani Israil punika winastan grombolan; sarta ing ayat 246 kasebutaken kanthi cetha: *para turun Israil ing sapungkuré Musa*, punika ngiyataken pamanggih punika. Ing ngriki kasebutaken bilih titiyang ingkang sami nilar griya-griyanipun wau jalaran ajrih pejah; ing babad boten wonten lalampahan ingkang nocogi pratélan punika kajawi namung nalika boyongipun titiyang Israil saking Mesir. Yektinipun tembung *Khuruj* (*lunga, budhal, metu*) punika sampun mengku isarah "Pangentasan." Tiyangipun èwon punika sampun cetha, jalaran manawi miturut Wicalan 1: 46 langkung saking nem atus èwu jiwa. Lan malih sampun terang bilih anggènipun sampun késah saking Mesir punika karana ajrih pejah, jalaran pejah punika mesthi dados nasibipun bangsa wau manawi boten sami boyong késah. Awit saking paréntahipun raja Fir'aun, anak-anakipun ingkang medal jaler sami dipun pejahi, malah awakipun piyambak inggih kablenggu, ingkang boten dangu malih mesthi mahanani pejahing pikiranipun tuwin budipakertinipun (kecocogna kaliyan ayat 49). Lalampahan sanès ing badanipun bangsa ingkang kasebutaken ing dhawuh ngriki, inggih punika dhawuhing Pangéran dhateng bangsa wau "Padha matia." Punika kasebutaken kalayan langkung panjang malih wonten ing 5: 21-26. Kanjeng Nabi Musa dhawuh dhateng bangsa wau supados sami lumebet ing tanah suci "kang wis tinamtu ing Allah dadi bagéanira," nanging sami ambangkang, temahan sami ngulandara wonten ing ara-ara samun ngantos kawandasa taun, mila turunan wau sami nemahi curna. Makaten punika ugi katerangaken wonten ing babad lalampahanipun ingkang kasebut wonten ing Prajanjian Lami: "Awakira bakal padha ambruk mati ana ing ara-ara samun iki …... amesthi sira ora kalakon lumebu ing tanah kang wus Ingsun prasetyakaké" (Wicalan 14: 29, 30). Lah inggih punika pejahipun bangsa wau.

Sasampunipun punika, *Gusti Allah lajeng anggesangaken bangsa wau*. Punika ingkang dipun karsakaken turunipun malih ingkang kakarsakaken maris tanah ingkang kajanjèkaken: "Ana déné anak-anakira ….. iku kang bakal padha angrawuhi ing tanah kang sira tampik kalawan pamada" (Wicalan 14: 31). Sadaya wau dumunung dados pèpènget dhateng para Muslimin, inggih punika kapangandikakaken, manawi sami nulad tindakipun bangsa wau, boten kénging boten mesthi inggih badhé nemahi pejah, boten prabéda lan ingkang kasandhang déning bangsa ingkang langkung ageng wau. Pèpènget punika kacethakaken malih wonten ing ayat sambetipun: *Lan padha peranga ing dadalaning Allah.*

320. Manawi kacocogaken kaliyan 20: 190, nedahaken cetha bilih perang ing marginipun Allah, punika sami kaliyan perang karana rumeksa agami tuwin ambélani wewenang.

321. Klèntuning panyuraos dhateng dhawuh punika asring nuwuhaken pangawon-awon dhateng Quran. *Aqradlahu* punika asalipun boten teka ateges *motangaké marang dhèwèké*, wangsul tegesipun ingkang sajati: *angirisaké dhèwèké sabagéan supaya olèh piwales* utawi *ganjaran* (LL). Lingganing tembung wau, inggih punika: *qardl*, punika asalipun ugi ateges: *ngethok*. Dados pangertosan: motangaken, punika sanès tegesipun tembung wau ingkang asli, wangsul punika teges ingkang kaping kalih. Nalika nerangaken ayat punika, LL nyariyosaken: "Miturut Ais, ahli nahwu, ateges: *sapa ta sing angunjukaké ing Allah panggawé becik* utawi *pisungsung*, utawi *sadhéngah barang ingkang dipun*

Ut. *amatesi*

anikeli dhèwèké kalawan tikelan sapirang-pirang, lan Allah iku *anampi* sarta anjembaraké,[322] lan marang Panjenenganè enggonira bakal padha dibalèkaké.

فَيُضٰعِفَهٗ لَهٗٓ اَضْعَافًا كَثِيْرَةً ؕ وَاللّٰهُ
يَقْبِضُ وَيَبْصُۜطُ ۪ وَاِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ﴿۲۴۵﴾

246 Apa sira ora ngélingi marang para lulurahé para turun Israil ing sapungkuré Musa nalikané padha matur marang nabi (kang diutus) marang dhèwèké: Sampéyan anjumenengna ratu, ratu kula, (supados) kula sami saged perang ing marginipun Allah.[323] Calathua: Layaké sira ora bakal padha perang manawa perang iku kapacak wajib ing atasé sira. Padha matur: Punapa déné kula boten badhé sami perang ing marginipun

اَلَمْ تَرَ اِلَى الْمَلَاِ مِنْۢ بَنِىْٓ اِسْرَآءِيْلَ مِنْۢ
بَعْدِ مُوْسٰىۘ اِذْ قَالُوْا لِنَبِىٍّ لَّهُمُ ابْعَثْ لَنَا
مَلِكًا نُّقَاتِلْ فِىْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ؕ قَالَ هَلْ
عَسَيْتُمْ اِنْ كُتِبَ عَلَيْكُمُ الْقِتَالُ اَلَّا
تُقَاتِلُوْا ؕ قَالُوْا وَمَا لَنَآ اَلَّا نُقَاتِلَ فِىْ

suprih piwalesipun, utawi miturut Akh, èwonipun ahli nahwu ingkang misuwur: *sapa ta sing anindakaké panggawé becik kalawan andhèrèk dhawuhé Pangéran*." Dipun wewahi katrangan malih: "Tiyang Arab wicanten makaten قد اقرضتني قرضا حسنا tegesipun *kowé wis nindakaké panggawé becik marang aku kang kudu dakwales* (TA-LL)." Miturut Zj, *qardl* punika ateges *nindakaken samukawis ingkang saged ngangsulaken pangajeng-ajeng badhé angsal ganjaran*, mila pawicantenan Arab قرض حسن punika ateges *tindak ingkang murugaken angsal ganjaran saé*, tuwin قرض سيئ ateges *tindak ingkang murugaken angsal piwales awon* (Rz). Kidungipun Umayyah bin Salt ambuktèkaken leresipun teges punika:

كل امرئ سوف يجزى قرضه حسنا او سيئا ومدينا كالذي دانا

"*Saben wong iku bakal olèh piwales tindaké kalawan becik utawa kalawan ala, sarta dhèwèké bakal olèh piwales kaya déné kang katindakaké*."

322. Tegesipun Allah kapareng nampèni pisungsung ingkang kaunjukaken dhateng Panjenenganipun lajeng dipun tikel-tikelaken; terangipun malih, pangurbanan ingkang katindakaken karana nglabuhi yakti, punika mesthi badhé ngangsalaken ganjaran saking Allah kalayan tikel-matikel. Utawi punika pratélan gerban, ingkang nerangaken bilih rupak tuwin ombèring rejeki, punika namung wonten ing astanipun Gusti Allah piyambak.

323. Nabi ingkang kasebut ing pangandika ngriki, punika Nabi Samuèl: "Éwadéné para wong padha lumuh ngrasakaké rembagé Samuèl, malah aturé: "boten, pangèsthi kawula wontena raja ingkang amengku kawula ..… ingkang kawula kajengaken supados dipun hakimi ing raja, ingkang angirid salampah kawula tuwin anyarirani perang kawula" (I Samuèl 8: 19-20). Cariyos ing salajengipun, Quran Suci boten marsitakaken katrangan ingkang kathah bédanipun kaliyan cariyos ingkang wonten ing Bébel. Saèstu, namung margi saking bodhonipun manawi andharan ingkang kagelaraken ing ngriki punika dipun wasthani "nyariyosaken babadipun Bani Israil worsuh." Malah-malah kaparanyata manawi Bébel piyambak punika kaanggep boten kénging pinitados sanget-sanget andharanipun saha boten isi babading Bani Israil ingkang jangkep, tuwin inggih kaparanyata bilih Bébel punika boten saged ngleresaken pratélan lepat ingatasipun lalampahan pinten-pinten ingkang tanpa bukti, ingkang béda kaliyan katranganipun Kitab Quran. Minangka tuladha mirsanana katrangan angka 147.

Allah, tiyang kula saèstu sampun sami katundhung saking nagari kula sarta kaicalan anak-anak kula.[324] Ananging bareng perang kapacak wajib ing atasé dhèwèké, padha ambalik, kajaba sathithik (sing ora), lan Allah iku ngudanèni para kang atindak dudu.

سَبِيلِ اللّٰهِ وَقَدْ أُخْرِجْنَا مِنْ دِيَارِنَا وَ
أَبْنَآئِنَا ۖ فَلَمَّا كُتِبَ عَلَيْهِمُ الْقِتَالُ تَوَلَّوْا
إِلَّا قَلِيلًا مِّنْهُمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيمٌ بِالظّٰلِمِينَ ﴿٢٤٦﴾

Ut. *Saul*

247 Lan nabiné ngandika marang dhèwèké: Sayekti Allah temen anjumenengaké *Thalut* dadi ratu tumrap marang sira.[325] Padha matur: Kados pundi sagedipun piyambakipun nyepeng kaprabon angratoni kula, ing mangka kula punika sami langkung ageng hak kula dhateng kaprabon tinimbang piyambakipun, sarta piyambakipun boten sinungan sugih bandha?[326] Pangandikané: Sayekti Allah amilih dhèwèké angungkuli kowé sarta amewahi jembaring ngèlmu lan karosaning awak,[327] lan Allah iku amaringaké karaton-É marang sapa

وَقَالَ لَهُمْ نَبِيُّهُمْ إِنَّ اللّٰهَ قَدْ بَعَثَ لَكُمْ
طَالُوتَ مَلِكًا ۚ قَالُوٓا أَنّٰى يَكُونُ لَهُ الْمُلْكُ
عَلَيْنَا وَنَحْنُ أَحَقُّ بِالْمُلْكِ مِنْهُ وَلَمْ
يُؤْتَ سَعَةً مِّنَ الْمَالِ ۚ قَالَ إِنَّ اللّٰهَ
اصْطَفٰهُ عَلَيْكُمْ وَزَادَهُ بَسْطَةً فِي الْعِلْمِ
وَالْجِسْمِ ۖ وَاللّٰهُ يُؤْتِي مُلْكَهُ مَنْ يَشَآءُ ۚ

324. I Samuèl 15: 33 nerangaken bilih bangsa Amalek sami mejahi para turun Israil, makaten ugi I Samuèl 17: 1 nerangaken bilih bangsa wau sami ngrebat nagari ingkang kagolong gadhahipun kerajan Yahuda.

325. Ing ngriki nama Saul ing Bébel kasebut *Thâlut*, inggih punika saking tembung *Thâla*, miturut rimbag *fa'lut*, ingkang jawinipun *ageng inggil*. Anggènipun kasebut nama makaten wau, margi saking ageng inggil pawakanipun. Miturut cacriyosan ing Bébel, sami-sami tiyang saking èwoning bangsanipun, piyambakipun punika ingkang ageng inggil piyambak. "Bareng Saul jumeneng ana ing tengahé wong golongan, dedegé angungkuli wong kabèh" (I Samuèl 10: 23). Nama-nama ingkang kagem wonten ing Quran Suci, punika sami gadhah teges piyambak, sanajan inggih radi béda kaliyan aslinipun wonten ing basa 'Ibrani. Dados éwahing nama-nama wau karana mirid tegesipun.

326. Panggrundelipun titiyang kathah margi Thalut kapilih dados ratu, kados déné ingkang kasebut ing Quran Suci, punika wonten saminipun kaliyan ingkang kasebut wonten ing Bébel, sarta nélakaken bilih punika pancèn nyata kelampahan saèstu, sanajan Bébel boten nyebutaken kelampahanipun wau "Atur wangsulané Saul: Kawula punika rak turunipun Benyamin, inggih talering Israil ingkang alit piyambak, sarta sagotrah kawula punika rak ingkang alit piyambak wonten ing tengah-tengahing sakathahing sagotrah Benyamin" (I Samuèl 9: 21). Malih, "Nanging para wong ambeg ala iku padha ngucap mangkéné: Wong iku kapriyé anggoné bisa mitulungi aku. Dadi padha mamada marang Saul, sarta ora diaturi pisungsung" (I Samuèl 10: 27). Punika nandhakaken manawi lalampahan ingkang kasebut wonten ing Quran Suci punika nyata leres sanget, sanajan boten kasebut wonten ing dalem Bébel.

327. Kula aturi mirsani I Samuèl 10: 24: "Pangandikané Samuèl marang para wong kabèh: Apa kowé wus padha tétéla sapa kang piniji déning Yéhuwah, sarta yèn sabangsa kabèh ora ana kang madhani."

sing dadi kapareng-É, sarta Allah iku jembar paparingé, Angudanèni.

وَاللّٰهُ وَاسِعٌ عَلِيْمٌ ﴿٢٤٧﴾

248 Lan nabiné ngandika marang dhéwéké: Sayekti tandha yektiné karatoné yaiku déné *ati*[328] bakal tumeka ing kowé, isi katentreman saka Pangéranmu sarta *becik-beciké*[329] barang kang

وَقَالَ لَهُمْ نَبِيُّهُمْ اِنَّ اٰيَةَ مُلْكِهٖٓ اَنْ يَّاْتِيَكُمُ التَّابُوْتُ فِيْهِ سَكِيْنَةٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَبَقِيَّةٌ

Ut. *kendhaga*

Ut. *pusaka*

---

328. *Tâbut* ingkang kasebutaken ing dhawuh ngriki punika nuwuhaken dodongèngan warni-warni, jalaran tembung wau mengku teges warni kalih. Tembung *tâbut* gadhah teges *kendaga* utawi *pethi*, tuwin ugi ateges *dhadha* utawi *manah* (LL). Manawi *tâbut* wau dipun ategesi kendaga, kacariyos ingkang dipun karsakaken punika pethining prajanjian; nanging punika wonten ingkang boten ngrujuki, jalaran sampun let dangu ing sadèrènging jamanipun Thalut, *pethi* wau sampun kaparingaken wangsul dhateng bangsa Bani Israil. Nanging kados déné ingkang sampun kula terangaken marambah-rambah, kula sami boten saged ngandel sanget-sanget dhateng cariyosipun Bébel, ingkang ngantos gadhah panganggep bilih sadaya ingkang nulayani Bébel boten leres. Déné ingkang kula pilih teges satunggalipun, inggih punika *dhadha* utawi *manah*, sarta kaanggènipun tembung wau ingkang kalayan mengku suraos kados makaten wau sampun misuwur. LL nyebutaken paribasan makaten ما اودعت تابوتي شيئا فقدته ingkang jawinipun: *aku ora nyimpen kawruh apa-apa ana ing dalem dhadhaku kang wis dakilangaké.* Rgh ugi nerangaken bilih *tâbut* punika mengku teges *qalb* utawi *manah*, sarta panjenenganipun mawi nyebutaken pangandikanipun Bagéndha ‘Umar dhateng IMsd “wadhah kang kebak isi kawruh;” punika terang manawi ingkang dipun karsakaken punika *manah.* Nitik katrangan sambetipun, terang sanget manawi ingkang dipun karsakaken Quran Suci anggènipun ngagem tembung wau kalayan mengku teges kados makaten punika. “Katentreman saking Pangéran,” punika sanès bangsaning barang ingkang kawadhahan ing kendaga, nanging wadhahipun ingkang sajati punika manah. Quran Suci nyebutaken tumurunipun *sakînah*, utawi katentreman, kaping gangsal, sarta sadaya wau ingkang tampi *manahipun nabi* utawi *manahipun para angèstu.* upaminipun ing 48: 4 kadhawuhaken kanthi cetha makaten: “Panjenengané iku Kang anurunaké tentrem ing atiné para angèstu, supaya padha muwuhana iman marang imané.” Miturut LA, *sakînah* punika ugi ateges *wilasa*; panjenenganipun mawi nyebutaken pangandika Nabi: “Padha kaparingan *wilasa* (Ar. *Sakînah*), para malaikat kang anggawa iku.”

Dhatenging “manah ingkang isi katentreman,” punika ingkang dipun karsakaken éwah-éwahan ingkang dumados wonten ing manahipun Thalut, ing sasampunipun kajumenengaken ratu. Éwah-éwahan ingkang dumados wonten ing *manahipun*, punika kacariyosaken kanthi terang wonten ing Bébel makaten: “Saul bareng pepengkeran kalawan Samuèl, tumuli kasantunan gagalihané babar pisan déning Allah” (I Samuèl 10: 9). Punika cocog sanget kaliyan katranganipun Kitab Quran. Salajengipun kacariyosaken makaten: “Nuli Saul kataman kabanterané rohé Yéhuwah, banjur amedhar wangsit ana ing tengahé para nabi mau” (I Samuèl 10: 10). Sampun boten wonten semang-semangipun malih, manawi punika titilaranipun para pandhèrèkipun ingkang setya tuhu Kanjeng Nabi Musa tuwin Kanjeng Nabi. Harun ingkang saé piyambak.

329. Tembung *baqiyah* punika ateges *kakantunan* lan ateges *barang ingkang pinunjul* utawi *ingkang saé piyambak* (LL). Tetembungan فلان من بقية القوم punika kanggé nembungaken tiyang ingkang saé piyambak wonten ing antawising kaumipun (LL). Sarta tembung اولوا بقية ing Quran Suci (11: 116) punika ateges *titiyang ingkang kadunungan kadibyan*. Lan malih بقية الله (11: 86) ateges *pamanut miturut,*utawi *kasaénan ingkang lastantun wontenipun.* Dados tembung *baqiyah* punika, mirid suraosipun ingkang pundi kémawon, ateges *nugraha ingkang sampun-sampun,* inggih punika *kanabian*. Kalebet ing paribasan titiyang Israil makaten: “Saul apa iya panunggalané para Nabi?” (I Samuèl 10: 12).

ditinggalaké déning pandhèrèké (nabi) Musa lan pandhèrèké (nabi) Harun; iku sing angampil para malaikat;[330] sayekti ing dalem (prakara kang) mangkono iku temen tandha-yekti tumrap marang kowé, *manawa* kowé padha wong angèstu.

مِّمَّا تَرَكَ اٰلُ مُوْسٰى وَ اٰلُ هٰرُوْنَ تَحْمِلُهُ
الْمَلٰٓئِكَةُ ؕ اِنَّ فِیْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لَّكُمْ اِنْ
كُنْتُمْ مُّؤْمِنِیْنَ ﴿۲۴۸﴾ ع

RUKU' 33

Kedahipun perang punika karana Yakti: Gagambaran saking babad Yahudi

249-252. Perangipun agami para turun Israil. 253. Pandhèrèkipun para nabi ingkang rumiyin-rumiyin amerangi utusan ingkang énggal.

Ut. *Saul*

249 Lan nalikané *Thalut* budhal sawadyabala, acalathu: Sayekti Allah arep anyoba ing sira kalawan kali: lah sapa sing ngombé ing kali ya dudu golonganku, lan sapa sing ngicipi, ya temen golonganku, kajaba sing nyawuk sacawukan sarana tangané.[331] Ananging padha

فَلَمَّا فَصَلَ طَالُوْتُ بِالْجُنُوْدِ ۙ قَالَ اِنَّ اللّٰهَ
مُبْتَلِیْكُمْ بِنَهَرٍ ۚ فَمَنْ شَرِبَ مِنْهُ فَلَیْسَ
مِنِّیْ ۚ وَمَنْ لَّمْ یَطْعَمْهُ فَاِنَّهٗ مِنِّیْۤ اِلَّا مَنِ
اغْتَرَفَ غُرْفَةًۢ بِیَدِهٖ ۚ فَشَرِبُوْا مِنْهُ اِلَّا

---

330. Pethining prajanjian ingkang kasebut ing I Samuèl 4: 4 punika dipun gèrèd déning lembu, sanès para malaikat. Rèhning miturut Quran Suci ingkang ngampil *tâbut* punika para malaikat, mila tétéla manawi *tâbut* ing ngriki ingkang dipun karsakaken *manah*. Nanging mirsanana hadits pangandika Nabi ingkang kasebutaken ing katrangan angka 328; nitik hadits wau cetha manawi "iku" ing ayat wau, kénging kasuraos wangsul dhateng *sakînah* lan *baqiyyah*, boten wangsul dhateng *tâbut*, déné suraosipun: katentreman tuwin wahyu punika kaampil déning para malaikat, katurunaken wonten ing dalem manahipun Thalut.

331. "Ing ngriki cariyosipun Saul worsuh kaliyan cariyosipun Gidéon" – makaten pangawon-awon satunggaling pengarang Nasrani, sarta inggih awit saking punika mila lajeng masthani Quran punika "campur bawur ingkang anggumujengaken." Anèhipun déné manawi pun tukang nyényédha kasebut nginggil wau maos Prajanjian Énggal, kasagedanipun nyényédha sirna sami nalika. Tandhanipun, manawi piyambakipun nrenjuhi Mattéus nyebutaken bilih garwanipun Siti Maryam, Yusuf, punika putranipun Ya'qub, Ya'qub putranipun Matthan, Matthan putranipun Éléasar, tuwin salajengipun, mangka Lukas nerangaken bilih Yusuf punika putranipun Héli, Héli putranipun Matthat, Matthat putranipun Léwi, salajengipun, piyambakipun boten ngrumaosi manawi punika "mangsak campur ingkang anggumujengaken," sajakipun kénging-kénging kémawon manawi Yusuf punika kagungan rama tiyang kalih.

Tumrap kula andharanipun Quran punika boten nama worsuh. Déné ingkang katerangaken déning Quran, Saul (Thalut) nètèr pandhèrèkipun sarana lèpèn, nanging Bébel nerangaken paneteripun Gidéon ingkang saèmper kados makaten wau (Para Hakim 7: 1-6), ingkang babar pisan boten kapangandikakaken déning Quran Suci. Kula sadaya ngakeni bilih Quran boten ngandharaken babad Bani Israil kalayan jangkep ngantos sapiprincènipun pisan, sarta kinten kula boten wonten tiyang Nasrani satunggal kémawon ingkang gadhah piyandel bilih Bébel punika nyakup sagemblenging babadipun bangsa Bani Israil ngantos boten lalampahan satunggal kémawon ingkang kalangkungan. Kajawi punika inggih boten nama anèh, manawi ing babad wonten lalampahan ingkang sami plek kaliyan lalampahan sanèsipun. Pancènipun katrangan Quran saha Bébel wau cekap namung

ngombé ing kono, kajaba ana sathithik (sing ora). Mulané bareng dhèwèké wis nyabrang – dhèwèké karo kanthiné kang padha angèstu – (liyané) padha calathu: Ing dina iki aku wis padha ora duwé kakuwatan kanggo nglawan *Jalut*[332] sawadyabalané. Para kang padha yakin yèn bakal padha katemu Allah, calathu: Sapira baé golongan kang sathithik ngalahaké golongan kang akèh kalawan kaparenging Allah lan Allah anyartani wong kang padha sabar.[333]

Ut. *Goliath*

قَلِيلًا مِّنْهُمْ ۚ فَلَمَّا جَاوَزَهُ هُوَ وَالَّذِينَ آمَنُوا
مَعَهُ ۙ قَالُوا لَا طَاقَةَ لَنَا الْيَوْمَ بِجَالُوتَ وَ
جُنُودِهِ ۚ قَالَ الَّذِينَ يَظُنُّونَ أَنَّهُمْ مُّلَاقُوا
اللَّهِ ۙ كَمْ مِّنْ فِئَةٍ قَلِيلَةٍ غَلَبَتْ فِئَةً
كَثِيرَةً بِإِذْنِ اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ مَعَ الصَّابِرِينَ ﴿٢٤٩﴾

250 Lan bareng padha metoni amethukaké *Jalut* sawadyabalané, padha munjuk: Pangéran kawula! Mugi tuwan angesokaken sabar dhateng kawula saha angekahaken tindak kawula punapa déné aparing pitulung dhateng kawula amethukaken golongan ingkang sami kafir.

Ut. *Goliath*

وَلَمَّا بَرَزُوا لِجَالُوتَ وَجُنُودِهِ قَالُوا رَبَّنَا
أَفْرِغْ عَلَيْنَا صَبْرًا وَّثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَ
انْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ ﴿٢٥٠﴾

251 Tumuli padha anglud angusir *mungsuhé* kalawan kaparenging Allah. Lan Dawud amatèni *Jalut*, sarta Allah amaringi karaton[334]

Ut. *dhèwèké*
Ut.*Goliath*

فَهَزَمُوهُمْ بِإِذْنِ اللَّهِ ۙ وَقَتَلَ دَاوُدُ جَالُوتَ
وَآتَاهُ اللَّهُ الْمُلْكَ وَالْحِكْمَةَ وَعَلَّمَهُ مِمَّا

katerangaken kémawon, bilih Thalut (Saul) nyonto Gidéon. Déné lalampahan warni kalih wau lalampahan ingkang béda-béda, punika sampun genah, sarta bab punika saya cetha manawi kapirid anggènipun Gidéon nètèr wadyanipun punika sarana "sendang Kherod" (Para Hakim 7: 1), déné Thalut anggènipun nètèr wadyabalanipun sarana lèpèn, kados déné ingkang katerangaken ing dalem Quran punika. Salajengipun manawi miturut Bébel lèpèn Yarden punika pancèn wonten ing ngriku punika: "Karo déné para wong Ibrani pirang-pirang wus padha nyabrang ing Yardén menyang ing tanah Gad lan Giléad (I Samuèl 13: 7).

332. Tetembungan Arab *Jâlut*, punika rimbagipun sami kaliyan tembung *Thâlut,* asal saking tembung جال (فى الحرب) jawinipun *nempuh* utawi *nyerang* (ing salebetipun peperangan) (LL). Dados Quran Suci boten nyebutaken nama Goliath; nanging nama ingkang nedahaken sifatipun Goliath ingkang baku, inggih punika panempuhipun wonten ing papan paperangan sakalangkung anggigirisi, ngantos Thalut sawadyabalanipun boten kuwawa nadhahi. Ing ngriki perlu dipun wewahi katerangan, bilih miturut Bébel, Thalut (Saul) sawadyanipun merangi bangsa Filistin, déné Goliath punika salah satunggalipun manggalaning perang bangsa Filistin wau. Nyata Thalut asring peperangan, nanging ingkang kapangandikakaken ing Quran Suci namung sarambahan.

333. Mirsanana I Samuèl 14: 6 makaten: "Déné ingatasé Yéhuwah ora kéwran aparing pitulung lantaran wong akèh utawa wong sathithik." Malah ing satunggaling wekdal kakantunaning wadyabalanipun Thalut namung wonten nem atus (I Samuèl 13: 15).

334. Bab prakawis Kanjeng Nabi Dawud mejahi Jalut (Goliath) sarta ing pawingkingipun kajumenengaken dados ratu, punika ugi katerangaken wonten ing dalem Bébel.

a. 128
Ut. *ruh*

tuwin kawicaksanan marang dhèwèké apa déné aparing wulang apa kang dadi kapareng-É. Lan saupama ora ana panulaking Allah marang manusa déning manusa liyané, bumi iki sayekti bakal abosah-basih kaanané;[335] ananging Allah iku lubèr sih paparingé marang ngalam kabeh.

يَشَآءُ ۗ وَلَوْلَا دَفْعُ ٱللَّهِ ٱلنَّاسَ بَعْضَهُم بِبَعْضٍ لَّفَسَدَتِ ٱلْأَرْضُ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ ذُو فَضْلٍ عَلَى ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٢٥١﴾

252 Iki timbalan-timbalaning Allah. Ingsun pangandikakaké marang sira kalawan yekti; sayekti sira iku temen golonganing para utusan.

تِلْكَ ءَايَٰتُ ٱللَّهِ نَتْلُوهَا عَلَيْكَ بِٱلْحَقِّ ۚ وَإِنَّكَ لَمِنَ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿٢٥٢﴾

JUZ III

253 Para utusan iki, ing sawenèhé Ingsun luwihaké utama angungkuli liyané,[336] ana sawenèhé sing dipangandikani déning Allah, sarta ana sawenèhé sing diungggahaké pirang-pirang drajat;[337] sarta Ingsun aparing tandha-

تِلْكَ ٱلرُّسُلُ فَضَّلْنَا بَعْضَهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ ۘ مِّنْهُم مَّن كَلَّمَ ٱللَّهُ ۖ وَرَفَعَ بَعْضَهُمْ دَرَجَٰتٍ ۚ

---

335. Suraosipun: Para Muslimin kadhawuhan perang murih tata-tentrem wangsul kados wingi-nguni tuwin rahayu jumeneng wonten ing nagari.

336. Wawaton bilih sawenèhing rasul ngungkuli sanèsipun, dipun akeni wonten ing dhawuh punika. Cetha dhawuh punika mengku karsa mangandikakaken kaluhuranipun Kanjeng Nabi. Déné Kanjeng Nabi Dawud tuwin Kanjeng Nabi 'Isa kasebutaken kalayan mligi wonten ing dhawuh ngriki, punika perlu kanggé anedahaken bilih sanajan Nabi kakalih wau anggatrakaken kamajenganipun bangsa Bani Israil warni kalih, Kanjeng Nabi Dawud minangka contoning kaluhuranipun bangsa Bani Israil ing babagan kadonyan, Kanjeng Nabi 'Isa minangka kaluhuranipun ing babagan ruhani, éwadéné Nabi kakalih wau sami mangalembana dhateng Kanjeng Nabi Suci Muhammad, sarta kakalihipun wau sami mangandikakaken bilih rawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad punika sami kaliyan rawuhipun Pangéran piyambak. Kasawang saking kalih prakawis wau, nedahaken bilih kaluhuranipun Kanjeng Nabi ngungkuli para andika Nabi sanès-sanèsipun punika tangèh saged kakinten-kintenaken, ngantos nabi kalih saking èwonipun nabi-nabi Bani Israil ingkang pinunjul piyambak sami mangandikakaken panjenenganipun kadi Pangéran Pribadi ingkang rawuh.

Kathah ayat-ayating Quran Suci ingkang neksèni ing kaagunganipun Kanjeng Nabi wau. Marambah-rambah kadhawuhaken bilih panjenenganipun punika kasinungan sadaya sifat-sifating kaagungan ingkang pinunjul piyambak, ingkang para andika Nabi sanèsipun namung kaparingan sapérangan tuwin namung sakedhik. Inggih awit saking punika mila Kanjeng Nabi punika kadhawuhaken manawi dados wilasa dhateng sadaya turuning manusa (21: 107), tuwin pandhèrèkipun kasebut saé-saéning umat (3: 109), ingkang sadaya wau nedahaken bilih panjenenganipun punika sami-sami nabi ingkang agung piyambak.

337. Sadaya para rasul sami kawedharan pangandikanipun Allah, punika nyata. Nanging rèhning sawenèh rasul punika wonten ingkang langkung luhur pinten-pinten tataran timbang lan sanèsipun, mila

tandha yekti kang terang marang
'Isa putraning Maryam tuwin
a. 128 Ingsun santosakaké[a] kalawan *we-*
Ut. *ruh* *dharing sabda* suci. Lan saupama
Allah angarsakaké, amesthi wong-wong ing sapungkuré ora ana padha peperangan, ing sawisé tandha-tandha yekti kang terang anekani, ananging dhèwèké padha pasulayan: mulané sawenèhé ana sing angèstu lan sawenèhé ana sing kafir; lan saupama Allah angarsakaké, amesthi ora padha peperangan, ananging Allah iku anindakaké apa kang dikarsakaké.

وَاٰتَيْنَا عِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ الْبَيِّنٰتِ وَاَيَّدْنٰهُ
بِرُوْحِ الْقُدُسِ ۗ وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ مَا اقْتَتَلَ الَّذِيْنَ
مِنْۢ بَعْدِهِمْ مِّنْۢ بَعْدِ مَا جَآءَتْهُمُ الْبَيِّنٰتُ
وَلٰكِنِ اخْتَلَفُوْا فَمِنْهُمْ مَّنْ اٰمَنَ وَمِنْهُمْ
مَّنْ كَفَرَ ۗ وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ مَا اقْتَتَلُوْا ۗ وَلٰكِنَّ
اللّٰهَ يَفْعَلُ مَا يُرِيْدُ ﴿٢٥٣﴾

RUKU' 34

Peksan ing salebeting agami punika dipun awisi

254. Para ingkang angèstu kedah angedalaken bandhanipun ing marginipun Allah. 225. Ngèlmunipun Allah punika anglimputi samukawis. 256. Ing salebetipun agami kedahipun boten wonten peksan. 257. Kafir punika peteng dhedhet lilimengan, Iman punika papadhang.

254 É, para kang padha angèstu! Padha amèwèhna apa paparing-Ingsun ing sira,[338] Ing sadurungé tekaning dina, kang ing kono ora ana dol-tinuku lan ora ana mimi-
a. 79 tran tuwin ora ana syafa'at,[a] lan para wong kafir iku wong kang padha atindak dudu.

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْۤا اَنْفِقُوْا مِمَّا رَزَقْنٰكُمْ
مِّنْ قَبْلِ اَنْ يَّاْتِيَ يَوْمٌ لَّا بَيْعٌ فِيْهِ وَلَا
خُلَّةٌ وَّلَا شَفَاعَةٌ ۗ وَالْكٰفِرُوْنَ هُمُ الظّٰلِمُوْنَ ﴿٢٥٤﴾

255 Allah iku, ora ana sesembahan kajaba Panjenengané, Ingkang-Gesang, Ingkang Jumenengpribadi karanané anané sagung dumadi; ngantuk ora ngregem

اَللّٰهُ لَاۤ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ اَلْحَيُّ الْقَيُّوْمُ ۚ لَا تَاْخُذُهٗ

---

anggènipun andhawuhaken inggih kados makaten wau ukuranipun. Ukuran makaten punika wonten tuladhanipun ing ayat 87: "Ana sagolongan sing banjur sira gorohaké lan sagolongan manéh padha sira patèni," mangka para rasul ingkang sami dipun sédani punika ugi dipun gorohaken aliyas dipun wastani tukang dora cara.

338. Perang karana rumeksa kawilujenganing gesang lumawan para mengsahing Islam ingkang sakalangkung ageng, punika sagedipun katindakaken kedah wonten bandha cepakan wragad (*fonds*) tuwin kedah wonten pangurbanan sanès-sanèsipun langkung rumiyin. Milanipun marambah-rambah tansah kadhawuhaken supados para Muslimin sami angedalaken artanipun. Bab punika badhé kawarsitakaken kalayan panjang wonten ruku' kakalih ngandhapipun ruku' punika let satunggal ruku'.

Panjenenganė, mangkono uga saré iya ora; samubarang ing langit-langit lan samubarang ing bumi iku kagungan-É; sapa ta sing bisa awèh syafa'at ana ing ngarsa-Né, kajaba kalawan kapareng-É?[339] Panjenenganė angudanèni apa kang ana ing ngarepé lan apa kang ana ing saburiné (para titah-É), lan iki ora bisa nyakup ngèlmu-Né sathi-thik-thithika, kajaba apa kang dadi kapareng-É; ngèlmu-Né[340] mara-tani langit-langit lan bumi, lan anggoné angreksa sakaroné iku ora anyayahaké Panjenenganė, lan Panjenenganė iku Ingkang-Maha-luhur, Ingkang-Agung.[341]

سِنَةٌ وَّلَا نَوْمٌ ۗ لَهٗ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا
فِى الْاَرْضِ ۗ مَنْ ذَا الَّذِىْ يَشْفَعُ عِنْدَهٗٓ
اِلَّا بِاِذْنِهٖ ۗ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ اَيْدِيْهِمْ وَمَا
خَلْفَهُمْ ۚ وَلَا يُحِيْطُوْنَ بِشَىْءٍ مِّنْ عِلْمِهٖٓ اِلَّا
بِمَا شَآءَ ۚ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ ۚ
وَلَا يَـُٔوْدُهٗ حِفْظُهُمَا ۚ وَهُوَ الْعَلِىُّ الْعَظِيْمُ ﴿٢٥٥﴾

256 Ora ana peksan ing dalem agama;[342] sayekti, dadalan bener

لَآ اِكْرَاهَ فِى الدِّيْنِ ۙ قَدْ تَّبَيَّنَ الرُّشْدُ مِنَ

---

339. Tegesipun syafa'at (pitulung) warni kalih sampun katerangaken wonten ing katerangan angka 79. Ing ngriki piwulang punika dipun akeni wontenipun, inggih-punika badhé wonten syafa'at saèstu kalayan kaparengipun Pangéran. Islam boten mulangaken, bilih manusa punika betah dhateng juru-pantawis ingkang nyambet antawisipun manusa kaliyan Pangéran; dados juru-pantawis utawi juru-panebus kados déné piwulang Nasrani, punika boten wonten ing dalem agami Islam. Ingkang wonten béda malih kaliyan piwulang Nasrani wau. Kanjeng Nabi, ingkang sampun nampèni wedharing karsanipun Pangéran, punika dados conto tumrap umatipun. Panjenenganipun punika sampurna, sarta katuntun dhateng margi ingkang leres, tiyang sanès ugi saged anggayuh kasampurnan. Panjenenganipun sinebut *Syafi'* utawi *juru-maringi syafa'at*, punika mengku teges ingkang kados makaten wau. Mirsanana katrangan angka 79, ing ngriku teges makaten wau sampun kasebutaken, lan mirsanana ugi katrangan angka 607. Dados, tiyang ingkang sami nulad ing Kanjeng Nabi punika badhé saged anggayuh kasampurnan, inggih punika karahayon jati miturut piwulangipun agami Islam. Ananging ing rèhning sadaya tiyang punika kawontenan ing tumitahipun boten sami, sarta kongangipun anggayuh kasampurnan wau inggih boten sami, sanajan sampun angetog kakiyatanipun, mila para titiyang wau badhé kaayoman ing sih-wilasanipun Pangéran sarta kakiranganipun badhé dipun paringi tambel lantaran pitulungipun Tiyang Suci (Kanjeng Nabi Muhammad), ingkang dados conto tumrap umatipun. Lah inggih kados makaten punika tegesipun piwulang syafa'at ing gesang sasampuning pejah, ingkang dipun akeni déning agami Islam.

340. Tembung *kursi* ing ngriki, tegesipun ingkang sajati sanès *dhampar* utawi *kursi,* nanging *ngèlmu* (Bkh, Rgh); mirsanana ugi katranganipun dhawuh ing 7: 54.

341. Punika ayat ingkang misuwuripun kanamakaken *ayatu-l-kursi*, jawanipun *ayat panguwaos* utawi *ayating ngèlmu*, jalaran ayat punika marsitakaken ngèlmu utawi kawasanipun Allah ingkang anglimputi ing sagung titah. Dhawuh punika minangka kanggé angantebaken murih para Muslimin sami yakin, bilih Allah ingkang nguningani pangurbananipun para Muslimin tuwin nguningani piawon ingkang katandukaken dhateng para Muslimin déning para mengsah-mengsahipun, sarta ingkang kagungan panguwaos angganjar tuwin niksa, punika mesthi tumunten badhé mancasi satunggal-tunggaling fihak kalayan punapa mesthinipun.

342. Ayat punika sampun cekap kanggé mangsuli sadaya rembag ngayawara ingkang nyariyosaken bilih Kanjeng Nabi nandukaken lampah ruda paripeksa dhateng titiyang kafir Arab, "purun nganggé agami Islam punapa dipun pejahi." Rèhning sampun kajanji mesthi badhé manggih kamenangan, para

iku wis dadi terang bédané karo *sasar*; mulané sapa sing ngafiri sétan[343] lan angèstu Ing Allah, temen agondhèlan cecekelan kang kukuh, *kang ora bakal pedhot,* lan Allah iku Miyarsa, Angudanèni.

Ut. *dalan menyang karusakan*

Ut.*ora ana pedhot*

الْغَيِّ ۚ فَمَنْ يَكْفُرْ بِالطَّاغُوتِ وَيُؤْمِنْ بِاللَّهِ
فَقَدِ اسْتَمْسَكَ بِالْعُرْوَةِ الْوُثْقَىٰ لَا انْفِصَامَ
لَهَا ۗ وَاللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٥٦﴾

257 Allah iku Ingkang-rumeksa para sing padha angèstu; Panjenengané angetokaké dhèwèké padha saka ing pepeteng marang papadhang,[344] wondéné para kang padha kafir, iku sétan kang rumeksa, iki angetokaké dhèwèké padha saka ing papadhang marang ing pepeteng; iki padha sing ngomahi geni, padha manggon ana ing kono.

اللَّهُ وَلِيُّ الَّذِينَ آمَنُوا يُخْرِجُهُمْ مِنَ
الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ ۖ وَالَّذِينَ كَفَرُوا أَوْلِيَاؤُهُمُ
الطَّاغُوتُ يُخْرِجُونَهُمْ مِنَ النُّورِ إِلَى الظُّلُمَاتِ ۗ
أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ النَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿٢٥٧﴾

RUKU' 35

Umat ingkang pejah, kados pundi anggènipun anggesangaken

258. Allah anggesangaken umat énggal sarta amejahaken ingkang lami. 259. Ambangun Yèrusalém - satunggaling gagambaran. 260. Para ingkang sami pejah gesang malih déning timbalanipun Gusti Allah.

258 Apa sira ora ngélingi wong kang padon karo Ibrahim prakara Pangérané, dumèh dhèwèké *di-*

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِي حَاجَّ إِبْرَاهِيمَ فِي رَبِّهِ أَنْ

Muslimin dipun dhawuhi, manawi sampun nyepeng panguwaos kedah agogondhèlan ing wawaton: "boten wonten peksan ing dalem prakawis agami." Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih ayat punika tumurunipun langkung kantun katimbang kaliyan ayat ingkang sampun, ingkang nerangaken bab prakawis perang ing marginipun Allah kaliyan para ingkang merangi para Muslimin. Panginten bilih dhawuh punika namung tumrap para titiyang ingkang sami ngrasuk Islam ing jaman wiwitan sarta lajeng kasuwak ing pawingkingipun, punika babar pisan boten wonten watonipun. Dhawuh: *agama iku kudu mung karana Allah* ing ayat 193, tuwin dhawuh *ora ana peksan ing dalem agama* ing ngriki punika, punika menggah ing sajatos-jatosipun dhawuh warni kalih ingkang andhawuhaken maksud satunggal ingkang sami.

343. *Thâgut* punika saking tembung *thagâ*, jawinipun *murang-yakti* utawi *lacut*, sarta dipun werdèni warni-warni, makaten: "para pandhèrèking Kitab ingkang sami *kaladuk gumedhénipun*, utawi *risakipun* utawi *kafiripun* (Q), utawi *sadhéngah pangageng* utawi *brahala-brahala* utawi *samukawis ingkang kasembah sanèsipun Allah* (Zj, Q, TA), utawi *sétan*" (LL). Rèhning tembung *sétan* punika langkung kathah anggènipun mengku teges-tegesipun tembung *thâgut* wau, mila ing salajengipun ingkang kula anggé negesi inggih tembung wau. Nanging punika sanès *isim 'alam* (tembung aran kanggé namanipun tiyang), jalaran tembung wau gadhah *jama'* piyambak, inggih punika *thawâgît*.

344. Ing ngriki iman kapangandikakaken kados déné *papadhang*, kafir kados déné *pepeteng*. Prakawis warni kalih ingkang akosokwangsul punika kagelaraken wonten ing 24: 35-40.

Ut. *disaguhi*

paringi karaton déning Allah?[345] Nalika Ibrahim acalathu: Pangéranku iku sing aparing urip lan pati acalathu: Aku awèh urip lan pati.[346] Ibrahim calathu: Lah,

اٰتٰىهُ اللّٰهُ الْمُلْكَ ۘ اِذْ قَالَ اِبْرٰهٖمُ رَبِّيَ الَّذِيْ يُحْيٖ وَيُمِيْتُ ۙ قَالَ اَنَا اُحْيٖ وَاُمِيْتُ ؕ قَالَ

345. Dhawuh "dumèh dhèwèké diparingi karaton déning Allah" punika déning para mufassirin ingkang sabagéan kathah kasuraos tumuju dhateng mengsahipun Kanjeng Nabi Ibrahim; nanging pamanggihipun mufassirin ingkang sabagéan alit, ingkang nyuraos tembung "dhèwèké" ing dhawuh wau tumuju dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim (Rz), punika sajakipun langkung leres, jalaran dipun kiyataken ing dhawuh ing 4: 54: "Ingsun wis amaringi Kitab lan kawicaksanan para dharah Ibrahim sarta wus padha Ingsun paringi kraton kang gedhé." Ibrahim ing ayat ingkang karembag punika ugi ateges dharah Kanjeng Nabi Ibrahim, jalaran janji punika kaparingakaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim, dalasan ing Purwaning Dumados inggih kasebutaken "tanah ingkang kajanjèkaken" punika badhé dipun paringaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim: "Ingsun Yéhuwah kang angirid lakunira saka ing Ur ing tanah Kasdim supaya tanah kéné iki Ingsun paringna dadi bumi pusakanira" (Purwaning Dumados 15: 7). Langkung-langkung tembung *atâ* punika kala-kala sok boten ateges "maringi" saèstu sami sanalika, wangsul *nyagahi badhé maringi.* Kacocogna kaliyan ayat 233, ing ngriku dhawuh ingkang mungel *ing sasuwéné sira ambayar apa janjinira,* punika mengku tegesipun tembung *âtaitum* ingkang saèstu miturut sadaya para mufassirin.

Langkung-langkung malih katerangan punika saged nyethakaken suraosipun ayat punika. Para Muslimin dipun pangandikani, boten prabéda lan janji kaparingakaken dhateng piyambakipun, inggih punika sinengkakaken ing ngaluhur sasampunipun sami nandhang asor, ingkang sami kaliyan anggesangaken tiyang pejah, makaten ugi Kanjeng Nabi Ibrahim, ugi kaparingan janji ingkang kados makaten wau. Malah menggah ing sajatos-jatosipun janji wau ingkang mangka dhadhasaring janji ingkang ing sapunika kaparingakaken dhateng Kanjeng Nabi, jalaran karaton ingkang badhé dipun paringaken dhateng panjenenganipun punika menggah ing sajatos-jatosipun nuhoni wahananing janji ingkang sampun kaparingakaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim. Salajengipun dhawuh wau anerangaken punapa sababipun déné anggesangaken tiyang pejah kalebet ing rembag; awit andadosaken umat ingkang ageng asal saking tiyang satunggal, punika menggah ing sajatos-jatosipun nama anggesangaken tiyang pejah. Sarta inggih bab punika, ingkang dipun gondhèli déning Kanjeng Nabi Ibrahim, labet saking genging imanipun dhateng janjinipun Pangéran (ayat 260), nanging mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Ibrahim sami angemohi.

346. "Awèh urip lan pati" ing ngriki boten wonten pratélanipun, punapa ingkang dipun gesangi lan punapa ingkang dipun pejahi punika. Nanging anggènipun kawarna dipun ucapaken déning para titiyang ingkang sami mabeni, mangka tetembunganipun sami plek kaliyan ingkang kagem tumrap Pangéran, punika sampun saged nyethakaken punapa ingkang dipun karsakaken, awit tiyang mesthi boten saged ngakenaken saged "anggesangaken," ingkang kalayan manut tegesing tembung ingkang limrah. Langkung-langkung tuwuhipun rembag wau saking janji ingkang kaparingakaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim, bilih badhé dados bapa babuning satunggaling umat ingkang ageng tuwin ingkang angebèki nagari, ingkang taksih dipun dunungi ing umat ingkang subur, ingkang mesthinipun calon badhé tumpes rumiyin; punika lajeng terang, manawi "anggesangaken" lan "mejahi" wau ingkang dipun karsakaken gesang tuwin pejahipun bangsa, gemahripahipun panggènan ingkang suwau sepi asamun, tuwin ludhesipun panggènan ingkang suwaunipun reja lan kathah tiyangipun. Kapèngetana bilih tembung *hayâh* lan *maût*, ingkang tegesipun wantah *gesang* tuwin *pejah,* punika ugi kénging kanggé nembungakaken pejah tuwin gesangipun bangsa, panggènan, tiyang, sato tuwin tutuwuhan. Kadosta tetembungan ماتت الارض punika tegesipun *Siti dados sakedhik tutuwuhan-ipun tuwin sakedhik ingkang sami andunungi* (Msb-LL). Ingkang kasebutaken ing ngriki punika kacekakaken malih wonten ing ayat sambetipun déning janjinipun Pangéran badhé ambangun malih kitha Yérusalèm; ing ngriku *risakipun kitha* suci wau katembungakaken *pejahipun*, déné *pambangunipun malih* kasebut *gesangipun*. Sayektos, anggènipun ayat 259 ingkang nerangaken pambangunipun kitha Yérusalèm dumunung nyethakaken ayat punika, mratandhani bilih tembung *hayât* tuwin *maut* ing ayat punika, punika ateges gemahripah tuwin risaking nagari tuwin gesang lan pejahing bangsa.

sayekti Allah iku anekakaké srengéngé saka ing wétan, lah coba tekakna saka ing kulon;[347] mulané sing kafir banjur judheg; lan Allah iku ora nuntun golongan kang padha atindak dudu.

إِبْرٰهِمُ فَإِنَّ اللّٰهَ يَأْتِي بِالشَّمْسِ مِنَ الْمَشْرِقِ
فَأْتِ بِهَا مِنَ الْمَغْرِبِ فَبُهِتَ الَّذِي كَفَرَ
وَاللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظّٰلِمِينَ ﴿٢٥٨﴾

259 Utawa kaya déné kang angliwati sawijining kutha kang wis *rubuh*; acalathu: Bésuk kapan Allah anggoné anguripaké sawisé matiné iki? Mulané Allah *angenggonaké* dhèwèké *ana ing kahanan mati* ing sajroning satus taun tumuli ditangèkaké; Panjenengané ngandika: Wis sapira lawasé pamanggonira? Aturé: Pamanggèn kawula sadinten utawi sapéranganipun sadinten. Pangandikané: Ora, balik satus taun pamanggonira; mara ndelenga marang panganira lan ombènira – ora wis tataunan kliwat: lan andelenga marang kuldinira; lan supaya Ingsun andadèkaké sira dadi pratandha tumrap para manusa, lan andelenga marang balung-balung iku, kapriyé anggon Ingsun nata (lan) banjur anggon-Ingsun ambusanani daging; mulané bareng wis terang tumrap dhèwèké, acalathu:

Ar. *ambruk marang payoné*

أَوْ كَالَّذِي مَرَّ عَلٰى قَرْيَةٍ وَّهِيَ خَاوِيَةٌ
عَلٰى عُرُوشِهَا قَالَ أَنّٰى يُحْيِي هٰذِهِ اللّٰهُ
بَعْدَ مَوْتِهَا فَأَمَاتَهُ اللّٰهُ مِائَةَ عَامٍ
ثُمَّ بَعَثَهُ قَالَ كَمْ لَبِثْتَ قَالَ لَبِثْتُ
يَوْمًا أَوْ بَعْضَ يَوْمٍ قَالَ بَلْ لَّبِثْتَ مِائَةَ
عَامٍ فَانْظُرْ إِلٰى طَعَامِكَ وَشَرَابِكَ لَمْ
يَتَسَنَّهْ وَانْظُرْ إِلٰى حِمَارِكَ وَلِنَجْعَلَكَ
اٰيَةً لِّلنَّاسِ وَانْظُرْ إِلَى الْعِظَامِ كَيْفَ
نُنْشِزُهَا ثُمَّ نَكْسُوهَا لَحْمًا فَلَمَّا تَبَيَّنَ لَهٗ

---

347. Ingkang ambantah punika èwonipun bangsa manembah surya, mila sareng piyambakipun ngaken manawi saged mejahi tuwin anggesangaken, Kanjeng Nabi Ibrahim lajeng ngunculaken bukti ingkang saged damel bingungipun tiyang ingkang ambantah wau. Terangipun: manawi piyambakipun punika saged anggesangaken tuwin mejahi, piyambakipun mesthi saged mangrèh sesembahanipun, inggih punika surya, jalaran, anggesangaken tuwin mejahi, punika padamelanipun sesembahanipun, sanès padamelanipun tiyang ingkang nembah, dados manawi makaten piyambakipun mesthi inggih saged nglampahaken surya saking arah ingkang akosok wangsul kaliyan adat sabenipun. Tiyang ingkang ambantah bingung, awit rumaos manawi pangakenipun punika cecengkahan kaliyan pangandelipun piyambak. Para mufassirin ugi sami gadhah pamanggih bilih nalika nyebutaken bab lampahipun surya wau, lalajengipun bukti boten kapunggel déning Kanjeng Nabi Ibrahim, nanging para mufassirin wau béda malih anggènipun nerangaken, sanajan inggih sami angakeni bilih mengsahipun Kanjeng Nabi Ibrahim wau tiyang ingkang nembah surya (AH). Déné katerangan ingkang kaanggep leres piyambak déning Rz lan AH, inggih punika: nalika nyebutaken bab lampahipun surya wau, karsanipun Kanjeng Nabi Ibrahim badhé anedahaken bilih pangakening mengsah saged anggesangaken lan mejahi punika boten mantuk, jalaran sanajan saupami inggih nyata pejah lan gesang punika wontenipun ing ngalam donya punika dipun lantari déning para juru-pantawis wau meksa teluk dhateng

aku weruh, yèn Allah iku marang samubarang kawasa.[348]

قَالَ اَعۡلَمُ اَنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَىۡءٍ قَدِيۡرٌ

---

sapangrèhipun Pangéran, boten teka teluk dhateng sapangrèhipun manusa; minangka contonipun jurupantawis wau, inggih punika: surya.

348. Ing saantawisipun ayat 258 tuwin ayat 260 ingkang nerangaken lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim warni kalih, kaseselan ayat satunggal (259), ingkang nerangaken lalampahan ingkang pinanggih wonten ing babadipun Bani Israil ingkang akhir. Punika manawi boten kamanah kanthi lebet katingalipun sajak nyengklèng. Nanging manawi ayat titiga wau dipun satitèkaken sayektos, tétéla manawi bab ingkang kawarsitakaken ing ruku' punika mathuk kaliyan suraosing dhawuh ing ngandhap lan ing nginggilipun, malah ugi tétéla manawi panatanipun ayat titiga wau ing ruku' punika saé sanget. Ayat 258 wigatos anyebutaken janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim, bilih badhé wonten umat ingkang ageng tuwuh saking panjenenganipun, inggih punika ingkang badhé maris nagaranipun ingkang lohjinawi bangsa-bangsa ageng ingkang wonten nalika jaman samanten, sarta wigatos anyebutaken bantahipun Kanjeng Nabi Ibrahim kaliyan sang nata ing bab prakawis wau, ingkang dipun pangandikani bilih Allah kuwaos anggesangaken bangsa ingkang pejah,. Ayat 260 ngandharaken mareming Kanjeng Nabi Ibrahim, bilih bangsa ingkang pejah pranyata saged kagesangaken malih. Déné ayat 259 nyebutaken contonipun ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing ayat 258, maringi pasaksènipun bab ingkang sampun kadhawuhaken wonten ing ayat wau; dados para Muslimin kaparingan kupiya ingkang pinanggih wonten lalampahan ingkang kasebut ing babad ingkang langkung kantun kelampahanipun, supados saya ageng kayakinanipun dhateng kelampahanipun prakawis ingkang kadhawuhaken wau.

Manawi dipun limbang-limbang kados ing ngandhap punika, cetha manawi lalampahan ingkang kasebut ing dalem ayat punika gagayutan kaliyan babadipun Bani Israil ingkang akhir.

Sapisan, nitik tafsiripun ayat wau, tétéla manawi "kutha kang wis rubuh" punika ingkang dipun karsakaken kitha Yérusalèm (Rz, AH), inggih punika nalika nagari wau katilar déning sang nata Nébukhadnézar sasampunipun karisak, ing nalika taun 599 sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi 'Isa a.s.

Kaping kalihipun, wekasaning dhawuh ingkang nerangaken lalampahan punika. "andelenga marang balung-balung iku, kapriyé anggon-Ingsun nata lan banjur anggon-Ingsun ambusanani daging," punika terang manawi ingkang dipun karsakaken luyutipun Nabi Yéhézkiél, kados déné ingkang kasebut ing Nabi Yéhézkiél bab 37. Yéhézkiél 36: 36 nyebutaken plek kados déné ingkang katerangaken ing ayating Quran 258 wau: "Ingsun Yéhuwah ambangun ing pagempuran sarta ananemi ing luludhesan; Ingsun Yéhuwah kang anyabdakaké, lan amesthi ngleksanani iku" (Nabi Yéhézkiél 36: 36). Péranganipun bab 37 ingkang wiwitan nerangaken anggènipun Nabi Yéhézkiél (ing dalem kawontenan luyut, kados ingkang badhé kula terangaken) kairid dhateng "ing tengahé sawijining lebak; lebak mau kebak balung wong" sarta kadangu: "Hé anaking Adam, balung iku apa bakal padha bisa urip manèh?" sarta ing sasampunipun kaparingan dhawuh katemtuwan déning Pangéran, Nabi Yéhézkiél lajeng nyipati kawontenan, ingkang ugi katerangaken ing dalem Quran: "balungé padha ngumpul, saben balung karo kang dadi tunggalé," tuwin "balung mau padha kaetrapan otot lan kathukulan daging sarta kabrungkus ing kulit," salajengipun "mangka roh tumuli anganjingi marang papati iku, temah padha urip (Yéhézkiél 37: 1-10).

Saminipun luyut punika kaliyan ingkang kasebutaken ing Quran Suci sampun cetha, mila boten perlu kula panjang-panjangaken pangrembag kula. Ingkang kasebutaken ing Yéhézkiél bab 37, punika terang manawi luyut, tandhanipun, bab wau dipun bukani makaten: "Kacarita aku tinumpangan astané Yéhuwah, mula sajroné ngraga sukma aku diirid déning Yéhuwah," inggih punika tetembungan ingkang mesthi ateges kawontenan luyut. Sambetipun lalampahan wau saya cetha malih anggènipun nélakaken manawi punika luyut, jalaran ing Serat Yéhézkiél 37: 11 nyebutaken: "Hé anaking Adam, balung iku mau pasemoné sagolongané turuné Israil, lah, iku padha duwé pangucap mangkéné: Balungku wus padha garing, lan wus ilang pangarep-arepku." Déné 37: 12 nyebutaken manawi sami kaparingan janjining Pangéran: "Dhuh umat-Ingsun, wruhanira: Ingsun bakal ambikaki kuburira, sarta sira padha Ingsun entasaké saka ing kuburira iku, tuwin Ingsun ulihaké marang ing tanah Israil." Punika sadaya nedahaken kalayan cetha bilih balung wau namung dados pasemoning kawontenanipun sagemblenging dharah Israil ingkang ambruk. Tembung: *sagemblengé* (ing Bébel Jawi tembungipun: *sapérangan*) ingkang pinanggih ing Serat Yéhézkiél 37: 11 wau kula wigatosaken sanget, jalaran

kanyataanipun balung wau namung sakedhik, inggih punika namung balungipun tiyang Israil sawatawis ingkang sami pinejahan, déné ingkang kaboyong sarta kadadosaken kawula tumbasan déning titiyang Babil punika langkung kathah malih. Pratélan angka 11 lan 12 punika sampun terang sanget, dados boten perlu katerangaken malih.

Dados sampun cetha wéla-wéla, bilih lalampahan balung-balung ingkang kasebut ing Serat Yéhézkiél bab 37, punika luyutipun Nabi Yéhézkiél. Makaten ugi lalampahan saminipun, kados déné ingkang kasebut ing Quran ayat 259, ingkang saweg karembag punika, punika inggih luyut. Pancèn Quran Suci asring kémawon nyebutaken lalampahan ing salebeting luyut boten mawi katerangaken manawi punika luyut, manawi sasambetanipun dhawuh utawi kawontenanipun lalampahan utawi gandhèngipun kaliyan babad ingkang kelampahan ing jaman kina punika sampun anélakaken manawi punika luyut. Cobi mirsanana dhawuhing Quran 12: 4 ingkang nerangaken nalika Kanjeng Nabi Yusuf matur dhateng ingkang rama prakawis anggènipun supena; makaten: “O, bapak! saèstu kula sumerep lintang sawelas sarta surya tuwin rembulan – paningal kula, sadaya wau sami sujud dhateng kula.” Ing ngriku babar pisan boten mawi nyebutaken bilih pamirsanipun Kanjeng Nabi Yusuf wau wonten ing dalem luyut. Lalampahan ingkang kasebut ing dalem ayat ingkang saweg karembag punika cetha manawi luyut; makaten punika boten namung katitik saking anggènipun sami kaliyan lalampahan ingkang kasebut ing Serat Yéhézkiél 37: 1-10, ingkang ugi tétéla manawi luyut, nanging ugi katitik saking anggènipun dipun wiwiti kalayan *kâf*, ingkang tegesipun: *kaya déné*, awit saupami botena makaten, *kâf* ingkang wonten ing ngriku punika lajeng damel, kados pangintenipun sawenèh mufassir (Rz). Saupami lalampahan wau lalampahan saèstu (sanès luyut), kados déné ayat ing sadèrèngipun, ayat wau mesthi boten dipun wiwiti kalayan dhawuh *utawa kaya déné* …… wangsul *utawa wong kang* ….. Dados anggènipun dipun wiwiti kalayan *kâf*, punika minangka katrangan manawi lalampahan wau sanépa utawi luyut. Sayyid Ahmad Khan kagungan pamanggih bilih dhawuh ingkang mungel اوكالذى مرعلى قرية punika sami kaliyan او الذى كانه مرعلى قرية ingkang jawinipun “utawa wong kang *kaya déné* ngliwati sawijining kutha.”

Kaping tiganipun, satunggaling nabi kadamel dumunung wonten ing kawontenan pejah, punika ugi kawontenan luyut, sarta sanadyan boten kasebutaken wonten ing Bébel, nanging nyata kaseksèn ing gelar yakti, kalayan mengku teges dados pasemoning pejahipun bangsa Yahudi, pejah asor tuwin kasusahan, utawi risakipun kitha Yerusalem, ingkang kelampahanipun ngantos mèh satus taunan. Kitha Yérusalèm kabedhah déning sang nata Nébukhadnézar ing taun 599 sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi ‘Isa (II Para Raja 24: 10). Sang raja Cyrus ngidini ambangun padaleman suci nalika taun 537 sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi ‘Isa (Ézra 1: 2). Rampungipun pambanguning padaleman suci ingkang wekasan piyambak nalika taun 515 sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi ‘Isa (Ézra 6: 15). Bébel boten nyebutaken babad ingkang kelampahan ing salebetipun wekdal wiwit taun 515 sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi ‘Isa mila sanajan upamiya boten kénging kaanggep bilih wekdal gangsalwelas taun dipun anggé titiyang Israil dudunung malih ing Yerusalem, tuwin ambangun kitha kanggé papan padununganipun, wekdal antawisipun taun 599 kaliyan 515 punika mèh jangkep saabad abad ingkang kaping nem sadèrèngipun Kanjeng Nabi ‘Isa. Dados, ing dalem luyut Nabi Yéhézkiél séda ngantos satus taun, punika kajengipun: pejahipun bangsa Bani Israil ngantos satus taunan.

Salajengipun prayogi kula wewahi katrangan, bilih anggènipun nyebutaken tedha tuwin ombènipun nabi wau boten wonten tandha-tandhanipun kataman ing dayaning taun, tuwin kuldinipun taksih lastantun ngadeg jejer, punika ambuktèkaken bilih pejah satus taun ingkang dipun alami déning nabi wau namung pejah pasemon. Sawenèh mufassir gadhah paham bilih balung-balung ingkang kasebut ing dhawuh wau balungipun kuldi. Nanging paham punika terang manawi lepat, jalaran pratélan warni kalih wau kalet-letan ing dhawuh ingkang mungel “Lan supaya Ingsun andadèkaké sira dadi pratandha tumrap para manusa.” Malihipun, sasampunipun tembung *himâr*, manawi mandheg, kanggé milahaken dhawuh lajengipun kaliyan dhawuh sadèrèngipun.

Kados pundi anggènipun Nabi Yéhézkiél dados pratandha tumrap manusa? Nabi Yéhézkiél punika wonten ing luyut dados pasemonipun sagemblenging bangsa Bani Israil, déné pejah pasemon ngantos satus taun punika kajengipun kasusahan tuwin rekaos ingkang kasandhang déning tiyang Israil ing salebetipun satus taun; sasampunipun wekdal punika, titiyang Israil dipun gesangaken malih, kados déné anggènipun Nabi Yéhézkiél kagesangaken saking séda.

Tembung ingkang perlu katerangaken inggih punika tembung *yatasannah* saking tetembungan تسنهت عنده jawinipun: *Aku manggon ana enggoné dhèwèké nganti setaun.* Wonten tetembungan

260 Lan nalikané Ibrahim munjuk: Pangéran kawula, mugi Tuwan anyerepaken kawula, kados pundi anggèn Tuwan anggesangaken (tiyang) pejah? Panjenenganè ngandika: Apa, karo apa sira ora pracaya? Unjuké: Inggih pitados, anamung supados antenga manah kawula. Pangandika-Né: Mara nyekela manuk papat, banjur padha sira gladhia manut ing sira, tumuli sabagéané manuk-manuk mau sira dèkèkna sadhuwuré siji-sijining gunung, banjur padha sira undhanga, bakal padha mabur marani sira; lan weruha, yèn Allah iku Minulya, Wicaksana.[349]

وَإِذْ قَالَ إِبْرٰهِيمُ رَبِّ أَرِنِي كَيْفَ تُحْيِ
الْمَوْتٰى ۖ قَالَ أَوَلَمْ تُؤْمِن ۖ قَالَ بَلٰى وَلٰكِن
لِّيَطْمَئِنَّ قَلْبِي ۖ قَالَ فَخُذْ أَرْبَعَةً مِّنَ الطَّيْرِ
فَصُرْهُنَّ إِلَيْكَ ثُمَّ اجْعَلْ عَلٰى كُلِّ جَبَلٍ
مِّنْهُنَّ جُزْءًا ثُمَّ ادْعُهُنَّ يَأْتِينَكَ سَعْيًا ۚ
وَاعْلَمْ أَنَّ اللّٰهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٢٦٠﴾

تسنهت النخلة punika tegesipun *wit kurma iku urip nganti tetaunan* (S, Msb-LL). Manawi tembung wau kanggé nembungaken tetedhan utawi ombèn-ombèn, punika ugi sami kémawon tegesipun, inggih punika *éwah kawontenanipun* (*dados saya awon*) *manawi nganti tataunan* (LA-LL). Rz nerangaken bilih tegesipun ingkang sajatos tembung wau: tataunan, jalaran anggènipun nerangaken tembung wau makaten: *taun kang akèh ora namani iku.*

349. Ayat punika sambetipun ayat 258 ingkang saleresipun, inggih punika mangandikakaken gumelaring kawasanipun Allah tumrap gesang pejahipun bangsa. Kados déné ingkang sampun kasebutaken ing ngajeng, ayat 259 punika kaselapaken wigatos paring pasaksinipun prakawis ingkang sampun kadhawuhaken wonten ing ayat 258 dhateng para sahabatipun Kanjeng Nabi. Ing ayat 260 katerangaken adhapur sanépa kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim, bilih umat-umat ingkang subur saged nemahi curna tuwin umat ingkang atanpa teges saged tuwuh angrembaka dados umat ingkang subur: kawontenaning sariranipun piyambak langkung katuju ing karsa. Ing Purwaning Dumados 15: 8 kasebutaken bilih ing sasampunipun tampi janjining Pangéran ing bab tanah Kan'an, Kanjeng Nabi Ibrahim munjuk: "Dhuh Pangéran Yéhuwah, amargi saking punapa sumerep kawula bilih badhé dados pusaka kawula?" Saminipun punika ing dalem Quran makaten: "Pangéran kawula, mugi Tuwan anyerepaken kawula, kados pundi anggèn Tuwan anggesangaken tiyang pejah." Panjenenganipun ngandel dhateng janjinipun Pangéran, sarta inggih yakin sanget, ngantos panjenenganipun wantun ababantahan ing bab punika kaliyan ingkang sami milawani., lan inggih menang bantahipun. Nanging punapa boten nama anèh, manawi saking tedhak turunipun badhé tuwuh satunggaling umat ingkang calon badhé anggentosi lenggahipun bangsa-bangsa ingkang kiyat, ingkang maréntah nagari? Pratandha ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim ingkang miturut Purwaning Dumados 15: 9-11 atanpa teges sanget, boten anggenahaken kados pundi anggènipun dharah Ibrahim saged maris tanah wau. Panjenenganipun dipun dhawuhi supados mendhet "sapi wadon siji kang umur telung taun, lan wedhus jawa wadon siji kang umuré telung taun, sarta wedhus gèmbèl lanang siji kang uga umur telung taun, apa manèh manuk derkuku lan piyik dara nyaiji;" "banjur disigari kabèh;" "nuli ana manuk mamangsa padha nyamber marang sambelèhané, nanging digusahi déning Abraham." Kados pundi anggènipun punika dados pratandha Kanjeng Nabi Ibrahim badhé maris tanah Kan'an, punika taksih peteng. Punika anedahaken bilih ungeling pratélan wau worsuh.

Jawaban panyuwunipun pirsa Kanjeng Nabi Ibrahim kados déné ingkang kasebut ing dalem Quran, punika sanépa ingkang sakalangkung cetha. Manawa panjenenganipun karsa ngingah peksi sekawan sarta dipun cucumbu, sadaya mesthi sami minangkani panguwuhipun sarta murugi panjenenganipun, sanajan saking redi ingkang tebih-tebih. Manawi peksi kémawon purun minangkani panguwuhipun, ing

RUKU’ 36

Angedalaken arta karana Yakti

261. Arta dipun tanjakaken karana Islam punika dipun upamèkaken kados déné wiji dipun sebar ing siti loh. 262, 263. Ingkang saged anguwukaken kadadosanipun. 264. Sinten ingkang ngedalaken arta karana pamèr, boten badhé begja, - sanépa. 265, 266. Sanépa kalih sanèsipun.

261 Sanépané para kang padha amèwèhaké bandhané ing dalaning Allah[350] iku kaya sanépané wiji

مَثَلُ الَّذِيْنَ يُنْفِقُوْنَ اَمْوَالَهُمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ كَمَثَلِ حَبَّةٍ اَنْۢبَتَتْ سَبْعَ سَنَابِلَ

mangka panjenenganipun punika sanès gustinipun saha sanès ingkang nitahaken, lah punapa malih umat manusa, boten purun sumarah dhateng panguwuhipun Gusti Pangéranipun, jer Panjenenganipun punika ingkang Nitahaken. Utawi, manawi peksi ingkang namung dipun cucumbu ing sawatawis wekdal déning tiyang ingkang pancènipun makaten boten saged nguwaosi piyambakipun, meksa purun manut miturut dhateng tiyang ingkang nyecumbu, lah punapa malih Gusti Allah, botena kuwaos murba wisésa sabab-sabab ingkang murugaken pejah saha gesangipun bangsa-bangsa. Manawi Panjenenganipun angarsakaken badhé nyirnakaken umat, Panjenenganipun badhé ngimpun sabab-sabab ingkang murugaken risakipun umat-umat wau, temahan kacilakan badhé andhawahi piyambakipun. Makaten ugi manawi Panjenenganipun kapareng badhé andadosaken umat manggih raharja, Panjenenganipun badhé nitahaken sabab-sabab ingkang saged anjalari mumbul tuwin mindhak majengipun umat wau. Tembung *thâir* (ingkang kagem ing dhawuh punika *jama’*-ipun, inggih punika *thair*), ingkang ateges *peksi*, punika ugi ateges *ingkang nyababaken saé utawi awon*, utawi *kasusahan* utawi *kabingahan* (TA-LL). Teges punika ugi kagem ing 7: 131 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun ing dalem Quran Suci. Punika ugi anedahaken punapa tegesipun sanépa *peksi* punika, inggih punika sanépa ingkang dipun agem nyerepaken Kanjeng Nabi Ibrahim, kados pundi anggènipun Ingkang Mahakawasa murbawisésa begja-cilakaning umat-umat. Klèntu manawi kakinten bilih Kanjeng Nabi Ibrahim ngingah peksi sekawan saèstu saha dipun cucumbu. Quran boten mangandikakaken ingkang makaten punika. Ingkang kapangandikakaken namung badhé nyerapaken Kanjeng Nabi Ibrahim dhateng gumelaring kawasanipun Pangéran ingkang élok punika asarana sanépa.

Para mufassirin sami ngregiyeg anggènipun nerangaken dhawuh ingkang mungel صرهن اليك ngantos lajeng dipun tegesi *iku sira cacah-cacaha.* Sarta inggih teges makaten wau ingkang lajeng dipun anggé dhadhasaring dodongèngan, bilih Kanjeng Nabi Ibrahim mundhut peksi sekawan tuwin lajeng dipun cacah-cacah, ingkang sareng dipun gesangaken malih, Kanjeng Nabi Ibrahim angsal pamarem bilih Pangéran Ingkang Mahakawasa pranyata kuwaos anggesangaken tiyang pejah. Nanging dhawuh punika boten mengku suraos dodongèngan ingkang kados makaten wau. Tembung *Shârahu* tuwin *Ashârahu*, ingkang rimbagipun agnya *shur*, punika tegesipun *niyungaké dhèwèké* (S, Msb, Q-LL), sarta manawi dipun sambeti tembung *ilâ*, namung mengku teges kados makaten punika. Tuladha-nipun, manawi wonten tiyang katembungaken يصور عنقه الى الشئ punika jawinipun *niyungaké guluné marang sawijining barang* (Ls-LL). Lah inggih kados makaten wau tegesing tembung ingkang salugu, sarta selaras kaliyan teges punika, ukaranipun dhawuh wau ateges: *padha adhepna marang sira* (Akh, S, M, LL) inggih punika: *cucumbunen manuk-manuk iku*. Rz gadhah pamanggih bilih makaten punika tegesipun ingkang sakawit. Nanging kawuningana, para mufassirin punika remen sanget dodongèngan peksi dipun rajang-rajang punika, milanipun dalasan Rz piyambak inggih tumut nerangaken, manawi ukara wau kedah kasuraos *iku sira iris-irisa.* Teges satunggalipun malih awawaton katranganipun I’Ab, inggih punika *iku sira rajanga* utawi, *iku sira tugel-tugela*. Nanging sajakipun punika klèntu, amargi tembung *Shâra* (mudlari’-ipun *yashuru*) punika gadhah teges warni kalih ingkang akosokwangsul, inggih punika *misah-misah* utawi *nyebar* kaliyan *nglempakaken* (LL, nyebutaken katranganipun Fretag awawaton Kitabu-l-’Adad), teges ingkang angka kalih punika terang manawi magepokaken kaliyan tegesipun tembung ingkang sekawit, kados déné ingkang katerangaken ing ngajeng.

350. *Mirsanana kaca candhakipun.*

فِي كُلِّ سُنْۢبُلَةٍ مِّائَةُ حَبَّةٍ ۗ وَاللّٰهُ يُضٰعِفُ لِمَنْ يَّشَاۤءُ ۗ وَاللّٰهُ وَاسِعٌ عَلِيْمٌ ٢٦١

saelas, sing thukul dadi pitung wuli, ing saben sawuli (isi) satus elas; lan Allah iku anikeli marang sapa sing dadi kapareng-É; lan Allah iku Jembar-paparingé, Ngudanèni.[351]

اَلَّذِيْنَ يُنْفِقُوْنَ اَمْوَالَهُمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ثُمَّ لَا يُتْبِعُوْنَ مَآ اَنْفَقُوْا مَنًّا وَّلَآ اَذًى ۙ لَّهُمْ اَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۚ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ٢٦٢

262 (Tumrapé) para sing amèwèhaké bandhané ing dadalaning Allah, *lan* apa pawèwèhé mau ora ditututi pangundhamana *utawa* panyenggring, iku bakal padha olèh ganjarané saka ngarsaning Pangérané, lan ora bakal padha kataman wedi lan ora bakal padha susah.[352]

Ut. *banjur*
Ut. *lan ora*

350. Kados déné ingkang sampun katerangaken, tembung *ing dadalané Allah* punika wonten ing dalem Quran ateges karana agaminipun Pangéran utawi karana rumeksa Islam. Miturut Rz dhawuh punika *manut istilahipun Quran Suci ngemungaken kanggé nembungaken Jihâd* (inggih punika *lampah panyarempeng karana agami*). Punika kacethakaken kalayan mligi wonten ing 9: 60, ingkang nyebutaken piprincéning tumanjanipun arta zakat. Ing dhawuh ngriku *fî sabîlillâh* (ingkang ing ngriku boten saged dipun tegesi sanès kajawi *karana rumeksa agami* utawi *karana mradinaken agami*) katamtokaken dados bagéan piyambak, sami kaliyan bagéan ingkang kanggé mitulungi tiyang pekir, miskin, tiyang lalampah, kanggé mardikakaken kawula tuwin sanès-sanèsipun. Dados, ruku' punika tuwin ruku' candhakipun anggrètèhi para mukminin supados nanjakakaken artanipun tuwin mulangaken supados dadana, punika sedyanipun ingkang sakawit karana mradinaken agami Islam, sanadyan dadana kanggé kaperluwan sanès-sanèsipun ugi kawengku ing ngriku. Sawenèh mufassirr gadhah pamanggih bilih tumurunipun dhawuh punika namung gagayutan kaliyan prakawis *Jihâd*, sawenèhipun malih nganggep manawi ingkang dipun karsakaken punika dadana kanggé sawarnining kaperluwan, kalebet ugi *Jihâd* (Rz).

351. Nanjakakaken arta karana yakti kasanépakaken kaliyan wiji saelas ingkang ngedalaken woh tikel pitungatus, punika anedahaken: sapisan, bilih kamajenganipun Islam punika gumantung ing pangurbananipun satunggal-satunggaling warganipun umat Islam; kaping kalihipun, bilih tumanjaning arta punika kedah kinanthènan kaliyan tandang ingkang sengkud, jalaran, boten prabéda lan kawontenanipun wiji ingkang kadhedher ing bumi ingkang boten dipun wluku, punika manawi boten kinanthènan ing tandang, inggih boten badhé thukul. Pantes pinèngetan bilih miturut Quran tikel-tikelipun wau pitung atus tikelan, utawi malah ngantos dipun tikelaken malih, wangsul miturut Kanjeng Nabi 'Isa nalika nerangaken sanépa saminipun punika — inggih punika pasemonipun juru-nyebar — namung anjanjèkakaken tikel kaping tigang dasa, sawidak utawi kathah-kathahipun tikel kaping satus (Mattéus 13: 23; Markus 4: 8).

352. *Mann* punika tegesipun ingkang asli *nyukani ganjaran* dhateng satunggaling tiyang (LL), sarta teges makaten wau asring sanget dipun agem ing dalem Quran. Tembung wau ugi gadhah teges ingkang kaping kalih, inggih punika *nyariyos-nyariyosaken anggènipun sampun damel kasaénan dhateng satunggaling tiyang* (Rz), utawi *ngèmutaken anggènipun sampun nyukani ganjaran dhateng satunggaling tiyang karana kanggé melèhaken*, aliyas ngundhamana, lan inggih punika teges ingkang kagem ing ngriki. *Adhâ* ateges (*damel*) *pituna* utawi (*damel*) *ribed*, sarana angginem awon ing satunggaling tiyang utawi sarana nyakitaken manah sawatawis. Pawèwèh, punapa tumanja kanggé mitulungi kasangsaranipun satunggal-tunggaling tiyang, punapa umat, punika kedah boten sinartan ing pamrih angsal kauntungan, inggih ingkang awujud punapa kémawon. Awit saking punika mila tiyang ingkang dadana kaawisan boten kénging nyariyos-nyariyosaken anggènipun sampun dadana. Makaten

263 Pangucap kang angresepaké sarta pangapura iku luwih becik tinimbang dana kang ditututi panyenggring; lan Allah iku sugih,
Ut. *Aris* *Momot.*

قَوْلٌ مَّعْرُوْفٌ وَّ مَغْفِرَةٌ خَيْرٌ مِّنْ صَدَقَةٍ
يَّتْبَعُهَآ اَذًى ۗ وَ اللّٰهُ غَنِيٌّ حَلِيْمٌ ﴿۲۶۳﴾

264 É, para kang padha angèstu, aja padha anjugaraké dananira kalawan pangundhamana lan panyenggring, kaya kang mènèhaké bandhané amrih dideleng ing wong sarta ora angèstu ing Allah lan dina akhir;[353] mulané sanépané kaya sanépané gunung watu kang lagis, ing kono ana lebuné, banjur udan deres anibani, lah kariné iya watu lagis; ora bakal padha bisa ngalap sathithik-thithika pakolèhé apa kang wis padha dilakoni; lan Allah iku ora nuntun golongan kang padha kafir.[354]

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تُبْطِلُوْا صَدَقٰتِكُمْ
بِالْمَنِّ وَالْاَذٰى ۙ كَالَّذِيْ يُنْفِقُ مَالَهٗ
رِئَآءَ النَّاسِ وَلَا يُؤْمِنُ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ
الْاٰخِرِ ؕ فَمَثَلُهٗ كَمَثَلِ صَفْوَانٍ عَلَيْهِ
تُرَابٌ فَاَصَابَهٗ وَابِلٌ فَتَرَكَهٗ صَلْدًا ؕ
لَا يَقْدِرُوْنَ عَلٰى شَيْءٍ مِّمَّا كَسَبُوْا ؕ وَاللّٰهُ
لَا يَهْدِى الْقَوْمَ الْكٰفِرِيْنَ ﴿۲۶۴﴾

265 Lan sanépané para kang padha amèwèhaké bandhané mamrih kaparenging Allah sarta teguhing jiwané, iku kaya sanépané kebon ing tanah mengger, udan deres anibani, banjur metu

وَمَثَلُ الَّذِيْنَ يُنْفِقُوْنَ اَمْوَالَهُمُ ابْتِغَآءَ
مَرْضَاتِ اللّٰهِ وَتَثْبِيْتًا مِّنْ اَنْفُسِهِمْ كَمَثَلِ
جَنَّةٍ بِرَبْوَةٍ اَصَابَهَا وَابِلٌ فَاٰتَتْ اُكُلَهَا

punika kanggé rumeksa sampun ngantos nuwuhaken raos motangaken dhateng satunggaling tiyang déning pandamelipun wau utawi kanggé rumeksa sampun ngantos adamel pituna.

353. Dhawuh punika mengku suraos nacad ingkang kalayan sanget dhateng tiyang ingkang dadana kalayan mengku pamrih supados tiningalan ing sanès. Dhawuh wau boten namung ngawisi dadana "ana ing sangarepaning wong, kalawan murih katona," kados déné pangandikanipun Kanjeng Nabi 'Isa nalika medhar pangandika wonten ing redi ingkang misuwur punika (Mattéus 6: 1), nanging ugi wigatos mangandikakaken, manawi tindak makaten wau tindakipun para ingkang "ora angèstu ing Allah lan dina akhir," dados wigatos anggambaraken manawi tindak makaten wau tumrapipun para mukminin sajati cinacad sanget.

354. Wekasaning dhawuh sanépa punika anedahaken bilih ingkang dipun karsakaken déning Quran, mangandikakaken pambudidayanipun titiyang kafir anggènipun badhé numpes Islam. Para kafir sami ngedalaken artanipun kanggé ngalang-alangi kamajengan Islam, nanging kadhawuhaken manawi pambudidayanipun wau badhé wuk atanpa gina. Kacocogna kaliyan dhawuh ing 8: 36 ingkang mungel makaten: "Sayekti, para kang padha kafir iku padha ngetokaké bandhané kanggo anyegah wong saka dadalané Allah; mulané dhèwèké bakal padha ngetokaké iku, tumuli iku ingatasé dhèwèké dadi pidhuwung kang abanget tumuli dhèwèké bakal padha kasoran." Sanépa wau sami plek suraosipun kaliyan dhawuhing ayat ingkang kapethik punika, sarta anggènipun dipun sambeti pratélan ingkang mungel "*ora bakal padha ngalap sathithik-thithika pakolèhé apa kang wis padha dilakoni*," punika saya cetha malih punapa ingkang dipun karsakaken.

wowohané tikel loro; ananging manawa udan deres ora tumiba, *udan riwis-riwis* baé (iya wis cukup); lan Allah iku mirsani sabarang kang padha sira lakoni.[355]

ضِعْفَيْنِ ۚ فَإِن لَّمْ يُصِبْهَا وَابِلٌ فَطَلٌّ ۗ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٢٦٥﴾

266 Apa salah sawijinira ana kang kepéngin duwé pakebonan kurma lan anggur kang ing *jeroné* ana kali-kaliné padha mili; dhèwèké ana ing kono sawarnané wowohan, sarta dhèwèké kecandhak umur tuwa lan anaké padha apes; tumuli (lah delengen!) katrajang ing prahara mawa geni, wasanané banjur kobong. Kaya mangkono iku anggoné Allah anerangaké timbalan-timbalané, darapon sira padha mikir-mikira.[356]

Ut. *ngisoré*

أَيَوَدُّ أَحَدُكُمْ أَن تَكُونَ لَهُ جَنَّةٌ مِّن نَّخِيلٍ وَأَعْنَابٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ لَهُ فِيهَا مِن كُلِّ الثَّمَرَاتِ وَأَصَابَهُ الْكِبَرُ وَلَهُ ذُرِّيَّةٌ ضُعَفَاءُ فَأَصَابَهَا إِعْصَارٌ فِيهِ نَارٌ فَاحْتَرَقَتْ ۗ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ اللَّهُ لَكُمُ الْآيَاتِ لَعَلَّكُمْ تَتَفَكَّرُونَ ﴿٢٦٦﴾

RUKU' 37

Angedalaken arta karana Yakti

267. Nyukakakaken barang saé saking kawelasan. 268, 269. Loma punika andadosaken mubra-mubru, boten andadosaken kasrakat. 270, 271. Dana ingkang ngeblak (umum) sarta dana ingkang kasidhem (sami piyambak). 272. Dana umum punika perlu, kanggé panglawan jagi dhiri. 273. Tiyang-tiyang ingkang kalebet ing wilangan anampèni dana sami piyambak.

267 É, Para kang padha angèstu, padha amèwèhna (tuwuh saking kawelasan) barang kang becik saka olèhira nyambut gawé, lan barang kang Ingsun wetokaké saka ing bumi tumrap marang sira, lan aja

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا أَنفِقُوا مِن طَيِّبَاتِ مَا كَسَبْتُمْ وَمِمَّا أَخْرَجْنَا لَكُم مِّنَ الْأَرْضِ ۖ وَلَا تَيَمَّمُوا الْخَبِيثَ مِنْهُ

355. Punika sanépanipun para mukmin ingkang badhé ngundhuh wohing pangurbananipun. Kapangandikakaken bilih anggènipun sami ngedalaken artanipun punika *mamrih kaparenging Allah*, jalaran sadaya ingkang katindakaken punika muhung namung karana rumeksa ing yakti, tuwin karana *mamrih teguhing jiwanipun*, jalaran, sadaya pandamelipun angurbanaken awakipun, punika tuwuhipun saking teguhipun kayakinanipun dhateng kamenanganipun *yakti*, kosokwangsulipun, pangurbananipun wau saya ngagengaken kayakinanipun dhateng kamenanganipun yakti wau.

356. Sanépa punika nerangaken bilih dana ingkang pancènipun wonten wohipun punika malah saged mahanani awon, manawi anggènipun dadana sinartan ing pangundhamana tuwin panyenggring. Dananipun tiyang ingkang gadhah pamrih namung supados tiningalan lan ingalembana ing ngasanès, punika kados déné andhawahaken wiji wonten ing sanginggiling séla gilang, mesthi boten saged ngoyot (ayat 264). Nanging ugi wonten, dana ingkang pancènipun makaten sampun mèh ngedalaken wohipun, upamia boten lajeng kérud déning praharaning pangundhamana tuwin panyenggring.

padha niyat amèwèhaké barang mau kang ala, kang sarta sira dhéwé emoh angalap, kajaba manawa pangalapira kalawan anutupi pandeleng, lan padha weruha, manawa Allah iku sugih, Pinuji.

تُنْفِقُوْنَ وَلَسْتُمْ بِاٰخِذِيْهِ اِلَّآ اَنْ تُغْمِضُوْا فِيْهِ ۗ وَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ غَنِيٌّ حَمِيْدٌ ﴿٢٦٧﴾

268 Sétan iku amedèkaké sira ing kamlaratan sarta angajani sira supaya cethil[357] lah Allah iku anyagahi sira pangapura saka ing Panjenengané tuwin lubèring paparing; lan Allah iku Jembar paparingé, Ngudanèni.

اَلشَّيْطٰنُ يَعِدُكُمُ الْفَقْرَ وَيَأْمُرُكُمْ بِالْفَحْشَآءِ ۚ وَاللّٰهُ يَعِدُكُمْ مَّغْفِرَةً مِّنْهُ وَفَضْلًا ۗ وَاللّٰهُ وَاسِعٌ عَلِيْمٌ ﴿٢٦٨﴾

269 Panjenengané aparing kawicaksanan marang sapa kang dadi kapareng-É, lan sapa sing kaparingan kawicaksanan, iku temen kaparingan kabecikan akèh; lan ora ana kang angélingi, kajaba kang padha ganep akalé.

يُّؤْتِي الْحِكْمَةَ مَنْ يَّشَآءُ ۚ وَمَنْ يُّؤْتَ الْحِكْمَةَ فَقَدْ اُوْتِيَ خَيْرًا كَثِيْرًا ۗ وَمَا يَذَّكَّرُ اِلَّآ اُولُوا الْاَلْبَابِ ﴿٢٦٩﴾

270 Lan pawèwèh apa kang sira wèwèhaké, utawa nadhar (apa) kang sira nadharaké, sayekti, iku Allah angudanèni; lan para kang atindak dudu ora bakal ana kang padha mitulungi.

وَمَآ اَنْفَقْتُمْ مِّنْ نَّفَقَةٍ اَوْ نَذَرْتُمْ مِّنْ نَّذْرٍ فَاِنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُهٗ ۗ وَمَا لِلظّٰلِمِيْنَ مِنْ اَنْصَارٍ ﴿٢٧٠﴾

271 Manawa sira padha awèh dana kalawan ngeblak, iku iya becik, lan manawa sira sidhem sarta sira wènèhaké marang para wong mlarat, lah iku luwih becik tumrapé sira;[358] lan iki bakal

اِنْ تُبْدُوا الصَّدَقٰتِ فَنِعِمَّا هِيَ ۚ وَاِنْ تُخْفُوْهَا وَتُؤْتُوْهَا الْفُقَرَآءَ فَهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۗ وَيُكَفِّرُ عَنْكُمْ مِّنْ سَيِّاٰتِكُمْ ۗ

---

357. Tembung *fahsya'* ing ngriki ateges: *cethil* utawi *kumed*, sami kaliyan tembung *bukhl* (Rz, LL).

358. *Ngatingalaken lampah kaloman* utawi *dadana kalayan ngeblak,* punika béda sanget kaliyan dadana ingkang kalayan "mengku pamrih supados tiningalan ing tiyang." Mirsana ayat 264. Dadana kalayan ngeblak punika tegesipun nyukani dana kanggé pakaryan ingkang migunani dhateng tiyang kathah utawi kanggé kaperluwan rumeksa ing umat, utawi kanggé anggayuh karaharjaning umat utawi tiyang kathah. Piwulangipun Injil (Mattéus 6: 1-4), punika menggah ing sajatos-jatosipun kirang sampurna, jalaran Injil namung migatosaken sanget dhateng dadana sidheman, inggih punika dananipun tiyang satunggal-satunggal, sarta babar pisan boten nyebutaken prakawis ngempalaken arta dana ingkang kanggé pakaryan ingkang murakabi ing tiyang kathah tuwin kanggé kaperluwanipun ada-ada

وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ﴿٢٧١﴾

angilangaké satengah saking panggawénira kang ala; Lan Allah iku waspada sabarang kang padha sira lakoni.

لَيْسَ عَلَيْكَ هُدٰىهُمْ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ يَهْدِيْ مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَمَا تُنْفِقُوْا مِنْ خَيْرٍ فَلِاَنْفُسِكُمْ ۗ وَمَا تُنْفِقُوْنَ اِلَّا ابْتِغَآءَ وَجْهِ اللّٰهِ ۗ وَمَا تُنْفِقُوْا مِنْ خَيْرٍ يُّوَفَّ اِلَيْكُمْ وَاَنْتُمْ لَا تُظْلَمُوْنَ ﴿٢٧٢﴾

272 Ora kajibahaké marang sira prakara kalakoné padha miturut dalan kang bener, ananging Allah kang nuntun sapa sing dadi kapareng-É; lan barang becik apa baé kang padha sira wèwèhaké, iku (pakolèhé iya) tumrap marang awakira; lan ora liya anggonira padha mèwèhaké iku kajaba angupaya kaparenging Allah; lan barang becik apa baé kang padha sira wewèhaké, liliruné ganep bakal diparingaké marang sira, lan sira ora bakal kataman tindak dudu.[359]

لِلْفُقَرَآءِ الَّذِيْنَ اُحْصِرُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ لَا

273 (Dana iku) tumrap marang para wong mlarat kang mung mligi ana ing dadalaning Allah[360] – pa-

---

ingkang tinata, ingkang gadhah sedya badhé mitulungi titiyang ingkang kakirangan, mangka tanpa punika, tangèh umat saged kiyat. Piwulangipun Quran sakalangkung sampurna, awit mawi ngèngeti éwah gingsiring kawontenanipun babrayaning manusa tuwin andhawuhaken dadana ingkang ngeblak (kanggé umum) lan dadana sidheman (dananipun tiyang satunggal-satunggal) kanthi nyebutaken bilih dadana umum punika angka satunggal, awit punika ingkang langkung wigatos.

359. Bokmanawi ingkang dipun karsakaken déning ayat punika bab prakawis wekdal ingkang kados pundi, dana umum perlu dipun wontenaken. Wiwitaning dhawuhipun ayat punika wigatos dhawuh anggatosaken, dhateng rekaos ingkang dipun sandhang déning para Muslimin, ingkang kepeksa nglawan mengsah-mengsahipun karana rumeksa gesangipun. Punika nedahaken bilih anggènipun para Muslimin lumawan perang, punika boten karana badhé nglebetaken titiyang kafir dhateng kalangan Islam, jalaran sampun kadhawuhaken kanthi terang, manawi makaten wau sanès padamelanipun Kanjeng Nabi. Déné anggènipun para Muslimin kadhawuhan ngempalaken dana, punika murih para Muslimin tansah samekta nadhahi panempuhipun mengsah, karana ambélani golonganipun, inggih punika kanggé rumeksa umat Islam. Dados anggènipun sami angedalaken arta wau, karana mamrih kaparenging Allah, awit punika tumonja, wonten ing margining yakti. Ing wekasaning dhawuh para Muslimin kaparingan janji bilih pandamelipun pangurbanan wau sadaya badhé wonten ganjaranipun. Dados dana umum punika kedah katujokaken kanggé maksud karahayoning umat, utawi kanggé anjunjung kamanusan umumipun. Hadits-hadits ingkang kasebutaken déning para mufassirin gagayutan kaliyan ayat punika, nedahaken bilih dananipun para Muslimin punika boten namung katanjakaken kanggé mamrih kawilujenganipun sasamining tiyang Islam kémawon, nanging ugi kanggé mitulungi titiyang musyrik punapa, sarta anedahaken bilih Islam punika boten marengaken manawi jalaran béda agaminipun lajeng dados papalang nyukani dana dhateng tiyang ingkang pancènipun pantes tampi.

360. *Mirsanana kaca candhakipun.*

dha ora bisa lumaku[361] (ngupajiwa) ing bumi; sing ora weruh ngira, yèn iku padha wong sugih, katara saka emohé (anjajaluk); sira bisa weruh dhèwèké saka tandhané; padha ora andremis anjajaluk marang wong;[362] lan barang becik apa baé kang padha sira wèwèhaké, sayekti, iku Allah angudanèni.

يَسْتَطِيعُونَ ضَرْبًا فِي الْأَرْضِ يَحْسَبُهُمُ
الْجَاهِلُ أَغْنِيَاءَ مِنَ التَّعَفُّفِ تَعْرِفُهُمْ
بِسِيمَاهُمْ لَا يَسْأَلُونَ النَّاسَ إِلْحَافًا ۗ وَمَا
تُنْفِقُوا مِنْ خَيْرٍ فَإِنَّ اللَّهَ بِهِ عَلِيمٌ ﴿٢٧٣﴾

RUKU' 38

Riba' punika dipun awisi

274. Saéning wohipun pangurbanan arta. 275-277. Riba' dipun awisi. 278-281. Saremning sambutan ingkang sampun katetepaken dipun ebrakaken sarta wangsuling babon kalayan ingkang ènthèng.

274 (Tumrapé) para kang padha amèwèhaké bandhané ing wengi lan rina, sidheman sarta ngeblak, iku ganjarané bakal padha olèh saka ngarsaning Pangérané, lan ora bakal kataman wedi sarta ora padha susah.[363]

الَّذِينَ يُنْفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ بِاللَّيْلِ وَالنَّهَارِ
سِرًّا وَعَلَانِيَةً فَلَهُمْ أَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ
وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٢٧٤﴾

---

360. Ayat 271 marsitakaken dana warni kalih, inggih punika dana umum ingkang kanggènipun sampun kasebutaken wonten ing ayat ingkang sampun, tuwin dana sami piyambak kanggé mitulungi tiyang ingkang kikirangan. Ayat punika nerangaken tiyang kikirangan ingkang kados pundi ingkang pantes tampi pitulungan saking dana sidheman wau. Sisifatanipun ingkang sapisan inggih punika: tiyang ingkang *mligi wonten ing marginipun Allah.* Ingkang kagolong tiyang ingkang kados makaten wau kadosta: (1) para titiyang ingkang tumut perang karana rumeksa Islam, nanging boten gadhah sarana kanggé panggesanganipun; (2) para titiyang ingkang boten saged nglampahaken dadagangan-ipun margi saking boten aman marginipun tuwin margi saking tansah katempuh ing mengsah; (3) para titiyang ingkang ketaton wonten ing peperangan (Rz).

361. Tuwan Palmer klèntu sanget anggènipun negesi ضَرْبًا فِي الْأَرْضِ "*ngulandara ana ing bumi*." Panganggénipun, tembung *dlarb* (*anggebag*, *anggitik*, *nyabet*) punika sawenèh tegesipun sami kaliyan tembung paclathon (tembung kasar) Inggris "*knock about*," ingkang jawinipun "klayaban sapurug-purug sacara ugal-ugalan, sapurun-purun lan tanpa jujug;" wasananipun, piyambakipun anggadhahi pamanggih bilih "Quran punika basanipun pranyata manawi kasar, murang-tata." Lah kawuningana, tembung *dlarb* punika boten namung ateges *anggebug* kémawon; makaten ugi *anggebug* punika inggih boten mesthi sami kaliyan tembung Inggris "*knocking about*" (ingkang wantahipun inggih ateges *anggebug*, nanging lajeng ateges *klayaban tanpa jujug*). Kosokwangsulipun, tembung *dlarb* punika *warni-warni* sanget tegesipun. Saupami tuwan Palmer purun negesi *anggebug bumi*, malah nama boten patosa tebih sungsatipun. Nanging menggah ing sajatos-jatosipun tetembungan punika dipun agem déning Quran kalayan mengku teges *kekésahan wonten ing bumi*, *perlu ngupajiwa tuwin perlu dadagangan* (LL), dados boten teka ateges kloyongan tanpa tuju, awit punika tebih sungsatipun kaliyan raosing tembung ingkang tumrap ing basanipun Arab.

362. Malih, punika sifatipun tiyang ingkang pantes angsal pitulungan saking dana ingkang kasidhem; inggih punika titiyang ingkang boten purun pipriman. Punika anedahaken bilih Quran Suci punika boten rena sanget dhateng lampah pipriman truthusan turut konten.

363. *Mirsanana kaca candhakipun.*

275 Para sing padha mangan riba' iku padha ora bisa ngadeg kajaba kaya ngadegé wong kang diambrukaké déning sétan sarana panggrayang(-é).[364] Mangkono iku amarga saka anggoné padha calathu: Doltinuku iku padha baé karo riba'; lan Allah iku angenakaké doltinuku sarta anglarangi riba'.[365] Lah sapa sing wis katekan

ٱلَّذِينَ يَأْكُلُونَ ٱلرِّبَوٰا۟ لَا يَقُومُونَ إِلَّا كَمَا
يَقُومُ ٱلَّذِى يَتَخَبَّطُهُ ٱلشَّيْطَـٰنُ مِنَ ٱلْمَسِّ ۚ
ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَالُوٓا۟ إِنَّمَا ٱلْبَيْعُ مِثْلُ ٱلرِّبَوٰا۟ ۗ
وَأَحَلَّ ٱللَّهُ ٱلْبَيْعَ وَحَرَّمَ ٱلرِّبَوٰا۟ ۚ فَمَن

363. Punika piweca ingkang ngyakinaken dhateng para Muslimin, manawi sami purun kurban kanggé kaperluwan karahayoning umat, kakuwatosan badhé tumpes kados déné ingkang dipun alami déning para Muslimin nalika jaman samanten, mesthi saged birat, sarta anggènipun sami ngedalaken arta boten mahanani ing kasusahanipun, jalaran punika badhé wonten wohipun ingkang ageng. Menggah ing sajatos-jatosipun, punika piweca, badhé menangipun ingkang wekasan para Muslimin kaliyan mengsah-mengsahipun, awit golongan ingkang menang punika mesthi boten badhé kataman ing susah margi saking pangurbanan ingkang sampun katindakaken, wangsul golongan ingkang kawon, punika ingkang mesthi badhé sami manggih kasusahan.

364. *Ribâ'* (ingkang tegesipun wantah: *punjulan* utawi *wewahan*), punika tegesipun *langkunganing arta babon ingkang kasambutaken* (Rgh, TA-LL), mengku sawarnining sareman lan èntrèsan (*interest*). Bab prakawis punika kasebutaken ing ngriki, punika mungguh sanget, jalaran manawi dadana punika dados dhadhasaring raosipun manusa tresna dhateng sasami, riba' punika nyirnakaken sarupining raos tresna dhateng sasami wau, sarta nuwuhaken watak cethil ambethithil. Dados, manawi kawawas, ingkang sapisan bab prakawis riba' punika minangka tandhingipun bab prakawis dadana, kaping kalihipun, bab kakalih wau wonten sambetanipun makaten: kados déné ingkang sampun kasebutaken ing ruku' kakalih ingkang sampun tuwin ing dalem ayat pambukaning ruku' punika, para Muslimin pinaringan janji manawi badhé dipun paringi bandha kathah tuwin kabegjan ageng; nanging para Muslimin ugi pinaringan pèpènget sampun ngantos sami ngangsa-angsa badhé numpuk-numpuk bandha, awit riba' punika dipun sanépakaken kados déné tiyang ingkang dipun jorogaken déning panggrayangipun sétan, ingkang ing ngriki tegesipun sami kaliyan "Mammon." Awisan bab prakawis riba' ing dalem Islam punika satunggaling bab ingkang jembar sanget, tangèh sagedipun karembag wonten ing tafsir ingkang cekak punika. Éwadéné boten kétang saclèrètan prayogi dipun pèngeti, bilih ing sadaya prakawis agami Islam punika mesthi ngagem margi ingkang adiluhung. Agami Islam boten mulangaken èsthi *sosialistis* ingkang kaladuk sarana anyirnakaken tatanan ingkang tundhonipun para titiyang angsal bagéaning kasugihaning warganipun babrayan ingkang cekap-cekap, inggih punika pranatan zakat. Miturut pranatan bab *zakat*, saprakawandasaning bandha simpenanipun sadhéngah warganing babrayan kedah kapupu saben taun sarta katampèkaken dhateng titiyang ingkang sami kikirangan. Laras kaliyan tatanan bab zakat wau agami Islam boten marengaken tiyang ingkang sugih saya anderbala kasugihanipun, ingkang sarana mlethes titiyang kikirangan temah saya sanget kacingkranganipun, awit inggih makaten punika jatos-jatosing maksudipun riba' punika. Langkung-langkung riba' punika nuntuni dhateng watak kesèd; éwadéné wohipun ingkang awon piyambak punika anggènipun namani dhateng budipakerti, awit riba' punika anjalari tiyang lajeng kanggènan watak angkara-murka, sarta inggih watak angkara-murka punika ingkang dipun karsakaken ing dhawuh: sétan anjorogaken tiyang ingkang nedha riba' punika. Malihipun, gumampil nyambut arta kaliyan mawi sareman, punika mahanani tiyang kasurang-surang, boten prabéda kados déné Praja-praja tuwin bangsa-bangsa ing jaman samangké, inggih kathah ingkang kasurang-surang margi saking anggènipun sami gumampil ngupados sambutan.

365. Quran milah-milahaken antawisipun dadagangan kaliyan riba'. Tumrap dadagangan, tiyang ingkang nyepeng pawitan (*kapitalis*) boten namung gadhah pangajeng-ajeng angsal babathèn kémawon, nanging ugi saged nemahi kapitunan punapa. Wangsul manawi nyambutaken arta mawi sareman, kapitunanipun kasanggi déning tiyang ingkang nyambut damel, ingkang gadhah arta (*kapitalis*) namung

جَآءَهُ مَوْعِظَةٌ مِّنْ رَّبِّهِ فَانْتَهٰى فَلَهُ مَا سَلَفَ ۗ وَاَمْرُهُ اِلَى اللّٰهِ ۗ وَمَنْ عَادَ فَاُولٰٓئِكَ اَصْحٰبُ النَّارِ ۚ هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ﴿٢٧٥﴾

pitutur saka Pangérané, banjur anguwisi bagéané iya apa kang wis kabanjur,[366] déné prakarané (gumantung) maring Allah; déné sapa sing ambélani (mangkono), lah iki wonging geni, padha manggon ana ing kono.

يَمْحَقُ اللّٰهُ الرِّبٰوا وَيُرْبِي الصَّدَقٰتِ ۗ وَاللّٰهُ لَا يُحِبُّ كُلَّ كَفَّارٍ اَثِيْمٍ ﴿٢٧٦﴾

276 Allah anyirnakaké (barkating) riba' sarta angrembakakaké (barkating) pawèwèh, lan Allah iku ora remen marang wong dosa kang ora weruh ing panarima.[367]

اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ وَاَقَامُوا الصَّلٰوةَ وَاٰتَوُا الزَّكٰوةَ لَهُمْ اَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۚ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ﴿٢٧٧﴾

277 Sayekti para kang padha angèstu lan anglakoni panggawé becik sarta anjumenengaké salat tuwin ambayar zakat, - ganjarané bakal padha olèh saka angarsaning Pangérané, lan ora bakal kataman wedi sarta ora padha susah.

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ وَذَرُوْا مَا بَقِيَ مِنَ الرِّبٰوٓا اِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ﴿٢٧٨﴾

278 É, para kang padha angèstu, padha di bekti maring Allah lan padha angedohana apa kakèrèning riba', manawa sira iku padha wong kang angèstu.[368]

فَاِنْ لَّمْ تَفْعَلُوْا فَاْذَنُوْا بِحَرْبٍ مِّنَ اللّٰهِ

279 Ananging manawa sira padha ora anindakaké (iku), lah padha sira weruha marang perangé

---

ngétang bathinipun thok, sanajan kanyataanipun nalika dipun lampahaken tuni. Dados dadagangan punika béda sanget kaliyan riba'.

366. Punika awisan boten kénging mupu saremaning arta ingkang kasambutaken. Nanging saupami wonten tiyang, ingkang sadèrèngipun wonten awisan punika nampèni arta sareman, piyambakipun boten kadhawuhan kedah mangsulaken, jalaran manawi makaten mesthi mahanani risakipun lampahing padamelan.

367. *Mahaqa*, miturut Rgh, ateges *mundhut berkahipun* utawi *nyuda berkahipun.* Tembung punika ugi ateges *nyuwak* utawi *nyirnakaken* satunggaling barang. Ing ngriki riba' dipun cacad, tindak kaloman dipun alembana, jalaran inggih tindak kaloman wau tukipun ingkang sajati karaharjanipun bangsa utawi kamanusan umumipun. Kénging ugi dhawuh punika kasuraos mengku piweca ingkang nyethakaken badhé tuwuhipun jaman kamajengan, ingkang titiyangipun hum sami mamrih sudaning sareman, gantos pakaryan ingkang asifat riba' prasasat sirna, kosokwangsulipun dadana umum utawi pangurbanan kanggé kaperluwanipun umat, utawi manusa umumipun, tuwuh angrembaka.

368. Arta sareman ingkang saged ugi sampun dumugi titimangsanipun katampi ing nalika awisan kadhawuhaken, kedah katulak.

Allah lan utusan-É;[369] lan manawa sira padha tobat, sira iya bakal éntuk baboning bandhanira; sira padha ora nunakaké (sing utang) sarta sira ora ditunakaké.[370]

وَرَسُولِهِۦۖ وَإِن تُبْتُمْ فَلَكُمْ رُءُوسُ
أَمْوَٰلِكُمْ لَا تَظْلِمُونَ وَلَا تُظْلَمُونَ ﴿٢٧٩﴾

280 Lan manawa (sing utang) lagi nandhang karupekan, lah iya nyarantèkaké nganti (dhèwèké) kaombèran; déné manawa (potangira iku) padha sira danakaké, iku luwih becik tumrapé sira, manawa sira padha weruha.[371]

وَإِن كَانَ ذُو عُسْرَةٍ فَنَظِرَةٌ إِلَىٰ مَيْسَرَةٍۚ
وَأَن تَصَدَّقُوا۟ خَيْرٌ لَّكُمْۖ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٢٨٠﴾

281 Lan padha dingati-ati marang dina, kang ing kono sira bakal padha dibalèkaké maring Allah, tumuli siji-sijining jiwa diparingi liliru ganep apa murwating panggawéné lan ora bakal padha dianiaya.

وَٱتَّقُوا۟ يَوْمًا تُرْجَعُونَ فِيهِ إِلَى ٱللَّهِۖ ثُمَّ
تُوَفَّىٰ كُلُّ نَفْسٍ مَّا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿٢٨١﴾

RUKU' 39

Prajanjian sarta Saksi

282. Prajanjian mawi dipun serat sarta mawi mendhet saksi. 283. Mawa tanggelan, bilih ingkang nyambut boten kénging pinitados.

282 É, para kang padha angèstu, manawa sira padha rembugan prajanjian prakara utang-piutang kang tinamtu semayané, lah padha sira tulisana,[372] sarta juru-nulisi

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِذَا تَدَايَنتُم بِدَيْنٍ
إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّى فَٱكْتُبُوهُۚ وَلْيَكْتُب

369. Nulayani dhawuhipun Allah, punika ing ngriki katerangaken manawi sami kémawon kaliyan perang kaliyan Allah lan Utusan-Ipun. Saking dhawuh punika kula sami saged ngalap pipiridan, sareman ingkang katampi saking arta cèlèngan ing bank, punika kénging katanjakaken kanggé mencaraken agami Islam, jalaran punika sajatosipun perang kaliyan para mengsahipun Islam.

370. Ingkang dipun karsakaken: tiyang ingkang nyambut boten kénging kapurih nyaur langkung saking babon ingkang kasambut.

371. Dhawuh punika saged anggenahaken raos tresna ingkang kados pundi ingkang kadhawuhaken déning Islam kedah kapintonakan dhateng tiyang sanès. Tiyang ingkang kikirangan sampun ngantos dipun damel prakawis tuwin dipun lebetaken ing pakunjaran. Kosokwangsulipun, panyauripun kedah kasumenèkaken ngantos manawi tiyang ingkang nyambut punika sampun saged mangsulaken arta sambutanipun, utawi langkung saé malih manawi dipun lilakaken kémawon.

372. Bab riba', ingkang lugunipun gagandhèngan kaliyan prakawis sambut-kapisambut arta tuwin kaliyan prakawis dadagangan umumipun, punika gagayutan kaliyan bab prakawis damel prajanjian.

بَيْنَكُمْ كَاتِبٌۢ بِالْعَدْلِ ۖ وَلَا يَأْبَ كَاتِبٌ
أَنْ يَكْتُبَ كَمَا عَلَّمَهُ اللّٰهُ فَلْيَكْتُبْ ۚ وَلْيُمْلِلِ
الَّذِىْ عَلَيْهِ الْحَقُّ وَلْيَتَّقِ اللّٰهَ رَبَّهٗ وَلَا
يَبْخَسْ مِنْهُ شَيْـًٔا ۗ فَإِنْ كَانَ الَّذِىْ عَلَيْهِ
الْحَقُّ سَفِيْهًا أَوْ ضَعِيْفًا أَوْ لَا يَسْتَطِيْعُ أَنْ
يُّمِلَّ هُوَ فَلْيُمْلِلْ وَلِيُّهٗ بِالْعَدْلِ ۗ
وَاسْتَشْهِدُوْا شَهِيْدَيْنِ مِنْ رِّجَالِكُمْ ۚ
فَإِنْ لَّمْ يَكُوْنَا رَجُلَيْنِ فَرَجُلٌ وَّامْرَأَتٰنِ
مِمَّنْ تَرْضَوْنَ مِنَ الشُّهَدَآءِ أَنْ تَضِلَّ
إِحْدٰىهُمَا فَتُذَكِّرَ إِحْدٰىهُمَا الْأُخْرٰى ۗ

anulisana (*prajanjian*) iku kalawan tulus; sarta juru nulisi aja emoh anulisi, banjur anulisana kaya déné anggoné Allah wus mulang marang dhèwèké: sarta wong kang utang angunèkna (tulisan iku) tuwin dituhu (marang wajibé maring) Allah, Pangérané lan aja angurangi sathithik-thithika saka iku; ananging manawa wong kang utang iku cubluk utawa apes, utawa ora bisa angunèkaké, iya waliné supaya angunèkna kalawan tulus,[373] lan padha aneksèkna kalawan seksi loro wong-wongira lanang; déné manawa ora ana wong lanang loro, lah iya wong lanang siji karo wong wadon loro[374] saka antarané kang padha sira pilih minangka saksi, supaya manawa salah sijiné (wong wadon) loro iku kliru, sijiné angélingna;[375]

Islam maréntahaken dadana sarta ngawisi riba', nanging Islam ugi maréntahaken supados pangatos-atos ingkang sakalangkung sanget kedah dipun wonteni, kanggé rumeksa wewenang andarbèni bandha. Bab punika wonten ingkang pantes pinèngetan, makaten: Bangsa Arab punika bangsa ingkang sakalangkung bodho, awis-awis ingkang sumerep ing sastra, ngantos bangsa Arab piyambak bingah winastan *ummi*, inggih punika bangsa ingkang *bodho*. Éwadéné ing sapunikanipun bangsa Arab ingkang kados makaten kawontenanipun wau, kadhawuhan nyerati sadaya prakawisipun bab lalayanan nyambut damel, inggih ingkang ageng-ageng, inggih ingkang alit-alit, kajawi prakawis dagang lungtinampèn. Élokipun malih, dhawuh punika anggènipun kadhawuhaken ing nalikanipun babrayan Muslimin piyambak taksih wonten ing salebeting babaya katumpes. Ingkang makaten wau nandhakaken bilih Quran punika sanès damelanipun Kanjeng Nabi piyambak, nanging pangandikanipun Pangéran Ingkang-Mahakawasa, inggih punika ingkang nguningani bilih boten dangu malih para Muslimin mesthi badhé dados bangsa ingkang ageng, ingkang awit saking punika mesthi lajeng ambetahaken pranatan-pranatan ingkang kados makaten wau sadaya, inggih punika pranatan ingkang mesthi kabetahaken déning babrayan ingkang sampun majeng.

373. Dhawuh punika dados dhadhasaring "angger-angger bab wali" (*Guardian and ward law*), awit dhawuh wau marsitakaken kéngingipun ngangkat wali ingkang kajibah malèni tiyang ingkang boten saged nyepeng bandhanipun piyambak. Tembung ingkang kula tegesi *apes* punika lugunipun ateges: *taksih laré sanget* (dèrèng ngumur) utawi *sepuh sanget* (Bd). Dados kéngingipun ngangkat wali punika boten namung manawi ingkang gadhah bandha punika "dèrèng ngumur" kémawon, nanging ugi manawi ingkang gadhah bandha wau boten saras akalipun tumrap nyepeng bandha mélikipun.

374. Laladanipun ingkang sajatos tiyang èstri punika wonten ing salebeting griya. Kabekta saking agenging tanggelanipun wonten ing balegriyanipun, tiyang èstri punika ngatingalipun wonten ing kalanganipun tiyang kathah awis-awis sanget, mila sampun ngantos tiyang èstri punika kekerepen dipun torak-tarik dhateng pangadilan.

375. *Dlamir*: *humâ* punika kénging dipun suraos wangsul dhateng pasaksinipun *saksi kakalih* utawi *tiyang èstri kakalih*.

وَلَا يَأْبَ الشُّهَدَآءُ إِذَا مَا دُعُوْا ۚ وَلَا
تَسْـَٔمُوْٓا أَنْ تَكْتُبُوْهُ صَغِيْرًا أَوْ كَبِيْرًا إِلٰٓى
أَجَلِهٖ ۚ ذٰلِكُمْ أَقْسَطُ عِنْدَ اللّٰهِ وَأَقْوَمُ لِلشَّهَادَةِ
وَأَدْنٰٓى أَلَّا تَرْتَابُوْٓا إِلَّآ أَنْ تَكُوْنَ تِجَارَةً
حَاضِرَةً تُدِيْرُوْنَهَا بَيْنَكُمْ فَلَيْسَ عَلَيْكُمْ
جُنَاحٌ أَلَّا تَكْتُبُوْهَا ۗ وَأَشْهِدُوْٓا إِذَا تَبَايَعْتُمْ
وَلَا يُضَآرَّ كَاتِبٌ وَّلَا شَهِيْدٌ ۚ وَإِنْ
تَفْعَلُوْا فَإِنَّهٗ فُسُوْقٌۢ بِكُمْ ۗ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ۖ
وَيُعَلِّمُكُمُ اللّٰهُ ۗ وَاللّٰهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ﴿٢٨٢﴾

lan para saksi iku aja padha mopo, manawa padha diundang; lan aja padha sungkan anulisi iku, (iya) cilika utawa gedhéa, kalawan wangening semayané; mangkono iku luwih bener mungguhing Allah lan luwih jejeg tumraping pasaksi, lan (dalan) luwih cedhak amrih sira (ing tembéné) aja semang-semang, kajaba manawa iku dagangan cumepak kang sira padha ulung-ulungan lan tampan-tinampan dhéwé, iya ora cacad ingatasé sira yèn ora padha sira tulisi; padha nganggoa saksi manawa sira padha dagang urup-urupan; lan jurunulisi aja dinakali, mangkono uga saksi;[376] manawa sira padha nglakoni (mangkéné iki), sayekti murangyekti dumunung ing sira; lan padha dibekti ing Allah, sarta Allah mulang ing sira, lan Allah iku marang samubarang ngudanèni.

وَإِنْ كُنْتُمْ عَلٰى سَفَرٍ وَّلَمْ تَجِدُوْا كَاتِبًا
فَرِهٰنٌ مَّقْبُوْضَةٌ ۖ فَإِنْ أَمِنَ بَعْضُكُمْ

283 Lan manawa sira ana sajroning lulungan lan ora olèh juru nulisi, kena ngalap barang kanggo cekelan;[377] ananging manawa

Quran suci boten mangandikakaken bilih kéngingipun prakawis pinancasan, punika manawi wonten saksinipun kakalih. Namung ingkang asring, mundhut saksi kalih nalika prajanjian nyambut damel, supados manawi wonten galap-gangsulipun ingkang satunggal, satunggalipun saged ngleresaken. Makaten ugi tumrap anggènipun namtokaken saksi tiyang èstri kalih sami kaliyan saksi tiyang jaler satunggal punika wonten sababipun, inggih punika jalaran limrahipun laladaning padamelanipun tiyang èstri punika namung wonten ing salebeting griya, lalayanan prakawis padamelan ing sajawinipun, awis-awis sanget magepokan. Malihipun, manawi katimbang kaliyan tiyang jaler, tiyang èstri punika langkung adakan lajeng bingung manawi dipun priksa kalayan premati wonten ing sangajenging pangadilan. Awit saking punika galap-gangsuling pasaksinipun perlu dipun cekapi déning pasaksinipun tiyang èstri satunggalipun.

376. Kedah dipun angkah, sampun ngantos para titiyang wau nandhang pituna tumrap padamelanipun piyambak. Tembungipun sanès, dipun angkaha saselanipun piyambakipun, sarta kedah ugi dipun sukani pituwas.

377. Punika boten lajeng ateges bilih tumrap prakawis sanès-sanèsipun boten kénging nyepengaken barang. Kosokwangsulipun, dhawuh sambetipun nerangaken, manawi ingkang nyukani sambutan kirang pitados dhateng tiyang ingkang nyambut, mawi cepengan inggih kénging.

Salajengipun dhawuh punika nerangaken bilih tiyang ingkang nyukani sambutan sarana mawi angsal cepengan barang, punika kénging ngalap piguna saking barang cepenganipun wau, sami ugi punapa barang wau barang ébahan, punapa barang ingkang boten ébahan. Dados, pasiten ingkang dipun

sawenèhira amracaya marang sawenèhé, lah sing dipracaya iku anampakna sing dipracayakaké awaké, lan dibekti ing Allah, Pangérané; lan aja padha angumpet pasaksi; lan sapa sing angumpetaké, sayekti atiné iku dosa; lan Allah iku marang sabarang kang padha sira lakoni Ngudanèni.

بَعْضًا فَلْيُؤَدِّ الَّذِي اؤْتُمِنَ أَمَانَتَهُ وَلْيَتَّقِ
اللَّهَ رَبَّهُ ۗ وَلَا تَكْتُمُوا الشَّهَادَةَ ۚ وَمَن
يَكْتُمْهَا فَإِنَّهُ آثِمٌ قَلْبُهُ ۗ وَاللَّهُ بِمَا
تَعْمَلُونَ عَلِيمٌ ﴿٢٨٣﴾

RUKU' 40

Para Muslimin dipun damel menang

284. Karaton sarta pangawasa punika kagunganipun Allah. 285. Wiyaring piandel Islam. 286. Nyuwun pitulungipun Gusti Allah.

284 Samubarang kang ana ing langit-langit lan samubarang kang ana ing bumi iku kagunganing Allah; lan sira wedharna apa kang ana ing sajroning atinira utawa sira dhelikna, prakara iki Allah bakal mundhut tanggung jawabira; tumuli Panjenengané angapura marang sapa kang dadi kapareng-É lan aniksa sapa kang dadi kapareng-É; lan Allah iku marang samubarang kawasa.[378]

لِّلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ ۗ وَإِن
تُبْدُوا مَا فِي أَنفُسِكُمْ أَوْ تُخْفُوهُ يُحَاسِبْكُم
بِهِ اللَّهُ ۖ فَيَغْفِرُ لِمَن يَشَاءُ وَيُعَذِّبُ مَن
يَشَاءُ ۗ وَاللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢٨٤﴾

---

punapa barang wau barang ébahan, punapa barang ingkang boten ébahan. Dados, pasiten ingkang dipun gadhékaken (kanggé cepengan sambutan), punika kénging dipun ulah déning ingkang anggadhé, utawi griya ingkang kacepengaken, punika kénging dipun séwakaken utawi dipun enggèni ingkang nyepeng.

378. Kathah ingkang sami klèntu anggènipun nyuraos ayat punika, ngantos sawenèh mufassir kagungan pamanggih bilih ayat punika sampun kasuwak déning wiwitaning dhawuh ing ayat 286. Nanging pamanggih punika dipun tulak déning para mufassirin ingkang langkung 'alim (Rz).

يحاسبكم به الله boten teka ateges: "Allah bakal mundhut tanggung jawabira ing prakara iki" nanging ateges "Allah bakal mundhut tanggung jawabira *miturut* iki." Dados tiyang ingkang ngumpetaken (mekak) tumiyunging manahipun dhateng awon tuwin tiyang ingkang medharaken (inggih punika andurusi tumiyunging manahipun dhateng awon wau), punika boten sami bebahanipun, wangsul miturut murwatipun piyambak-piyambak. Wonten pratélan ingkang mèh sami suraosipun kaliyan ayat punika, inggih punika kasebut ing 3: 28 makaten: "Calathua: Sira sidhema barang kang ana ing sajroning ati-atinira utawa sira wedharna, iku Allah anguningani." Gagasan awon, punika boten teka tanpa wonten pidananipun; nanging kacondhongan dhateng awon ingkang tansah kasirep, ingkang awit saking punika saking sakedhik mesthi saya sirna, punika boten kagolong gagasan awon. Lah inggih makaten punika ingkang kakarsakaken déning dhawuhing ayat punika.

Prayogi katerangaken bilih ukara Arab ingkang asuraos: *mundhut tanggung jawabé ing dalem prakara iku*, punika حاسبه عليه (TA), nanging ingkang kagem ing ayat punika حاسبه به

آمَنَ الرَّسُولُ بِمَآ أُنْزِلَ إِلَيْهِ مِنْ رَّبِّهِ
وَالْمُؤْمِنُونَ ۗ كُلٌّ آمَنَ بِاللّٰهِ وَمَلٰٓئِكَتِهِ
وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ ۚ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ
مِّنْ رُّسُلِهِ ۚ وَقَالُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا ۖ
غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ ﴿٢٨٥﴾

285 Utusan iku angèstu marang apa kang katurunaké marang panjenengané saka Pangérané, lan (mangkono uga) para mukmin; kabèh iki padha angèstu marang Allah lan para malaikat-É lan kitab-kitab-É lan para utusan-É; Kawula boten ambédak-bédakaken para utusan-Ipun satunggal lan satunggalipun,[379] lan dhèwèké padha munjuk: Kawula sami mireng saha sami amituhu, Pangéran kawula! pangapunten Tuwan (ingkang kawula suwun), saha dhateng Tuwan wekasaning purug punika.

لَا يُكَلِّفُ اللّٰهُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا ۗ لَهَا
مَا كَسَبَتْ وَعَلَيْهَا مَا اكْتَسَبَتْ ۗ رَبَّنَا لَا
تُؤَاخِذْنَآ إِنْ نَّسِينَآ أَوْ أَخْطَأْنَا ۚ رَبَّنَا
وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَآ إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُ
عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِنَا ۚ رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا
مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِ ۚ وَاعْفُ عَنَّا ۗ وقفة

286 Allah ora anibakaké sasanggan marang jiwa, kajaba sakuwaté; pradanané iya apa wohing panggawéné, lan pidanané iya apa panggawéné: Pangéran kawula! Mugi sampun amatrapi kawula manawi kawula kasupèn utawi klèntu; Pangéran kawula! Mugi Tuwan sampun amomoti sasanggèn dhateng kawula kados anggèn Tuwan amomoti dhateng para ing sadèrèng kawula; Pangéran kawula! mugi Tuwan sampun amomoti kawula barang ingkang kawula boten kuwawia ngemot; saha mugi Tuwan angapunten ing kawula

Suraos ingkang kawengku ing ayat punika makaten: Rèhning karaton utawi panguwaos punika kagunganipun Allah, milanipun Panjenenganipun badhé maringaken punika dhateng umat ingkang kagalih pantes katitipan punika wau. Dados punika sasmita ingkang mecakaken badhé kamenanganipun Islam.

379. Iman miturut piwulang Islam ingkang jembar, ingkang sampun kasebutaken wonten ing pinten-pinten panggènan ing salebetipun surat punika, ing ngriki kasebutaken malih gagandhèngan kaliyan kamenanganipun para Muslimin. Jalaran, sanajan para Muslimin angsal kamenangan, agaminipun boten saged menang kaliyan agami sanès-sanèsipun, manawi boten adhadhasar piwulang ingkang sakalangkung jembar, ingkang kawasa narik sok tiyanga ingkang gadhah akal. Kasasmitakaken bilih kamenanganipun agami Islam punika boten margi saking kamenangan pulitik, nanging margi saking luhur tuwin jembaring piwulangipun. Awit saking punika, mila dalasan ing wekdal ambruking kawontenanipun pulitik kaum Muslimin, kados déné kawontenanipun ing jaman samangké punika, agami Islam meksa angsal kamenangan ingkang rikat, dalasan ing antawisipun bangsa-bangsa ingkang ambawahaken. Sampun terang manawi punika sabab saking jembaring piwulangipun.

a. 2194	tuwin angayomi kawula[a] punapa déné angesihana kawula, Tuwan punika Pangayoman kawula, mila mugi Tuwan amitulungi kawula lumawan golongan ingkang sami kafir.[380]	وَاغْفِرْ لَنَا ۗ وَارْحَمْنَا ۗ أَنْتَ مَوْلٰىنَا فَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكٰفِرِيْنَ ﴿٢٨٧﴾

380. Samanten andhap asoripun semangat ingkang katiyupaken déning Sabda Sinuci, dalasan ing kalanipun angsal kamenangan. Èsthining jiwa kepéngin katuntun dhateng kamenangan ingkang kajanjèkaken, meksa taksih kedah teluk dhateng èsthi ingkang langkung luhur saha langkung déning sinuci malih.

Wekasanipun surat punika anedahaken bilih maksudipun ingkang sajati surat punika anerangaken kamenanganipun Islam, sarta bab punika kasebutaken kanthi ringkes nanging cetha wonten ing ruku' ingkang wiwitan tuwin ingkang wekasan ing dalem surat punika.

آيَاتُهَا ٢٠٠ (٣) سُوْرَةُ آلِ عِمْرَانَ مَدَنِيَّةٌ رُكُوعَاتُهَا ٢٠

SURAT 3

ALI-‘IMRAN

(*Kulawarga ‘Imran*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*20 ruku’, 199 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’ 1. Quran sarta wahyu ingkang rumiyin-rumiyin, tuwin wawatoning anerangaken.
Ruku’ 2. Mahatunggalipun Allah punika dados tatales ingkang terang tumrap sadaya agami, sarta wekasanipun mesthi menang.
Ruku’ 3. Karatoning Allah mesthi oncat saking dharah Israil.
Ruku’ 4. Para warganing kulawangsa pipilihan ingkang wekasan.
Ruku’ 5. Miyosipun Kanjeng Nabi ‘Isa sarta pakaryanipun.
Ruku’ 6. Kanjeng Nabi ‘Isa kaluwaraken saking pandakwa ingkang dora.
Ruku’ 7. Babantahan kaliyan Yahudi tuwin Nasrani.
Ruku’ 8. Palacidra badhé angrebahaken Islam.
Ruku’ 9. Kitab-kitab sarta para Nabi ingkang rumiyin-rumiyin sami aneksèni nyatanipun Islam.
Ruku’ 10. Pasaksèn ingkang langgeng tumrap kayektènipun Islam.
Ruku’ 11. Para Muslimin dipun pituturi supados tansah golong.
Ruku’ 12. Sasambetanipun para Yahudi kaliyan para Muslimin.
Ruku’ 13. Perang Uhud.
Ruku’ 14. Kados pundi sagedipun angsal kamenangan.
Ruku’ 15. Tetep santosa ing salebeting nandhang sangsara.
Ruku’ 16. Sababing kasangsaran wonten paprangan ing Uhud.
Ruku’ 17. Paprangan ing Uhud punika amilahaken para angèstu kaliyan para lamis.
Ruku’ 18. Katlèyèk ing Uhud punika tumrapipun pun mengsah sanès kauntungan.
Ruku’ 19. Dahwèn-patiopènipun pandhèrèking Kitab.
Ruku’ 20. Menangipun ingkang wekasan para angèstu.

Namanipun lan ingkang kawarsitakaken

Namanipun surat punika mendhet saking dhawuh pangandika ingkang nyebutaken kulawarga ‘*Imran* ing ayat 32. ‘*Imran* ingkang kasebutaken punika sami kaliyan Amran, ingkang rama Kanjeng Nabi Musa tuwin Kanjeng Nabi Harun. Rèhning ingkang karembag wonten ing surat punika bab oncating kanabian saking saréngatipun Kanjeng Nabi Musa, mila nama makaten punika mathuk sanget.

Surat punika kawiwitan kalayan dhawuh pratélan bab Quran Suci asal saking Pangéran, makaten ugi Torèt lan Injil; dados punika nyontoni bab ingkang sampun kadhawuhaken wonten ing 2: 4: “kang katurunaké ing sadurungira” punika. Sasampunipun lajeng maringi wawatoning anerangaken, awit inggih margi nglirwakaken wawatoning anerangaken punika ingkang sampun anjalari wontenipun lepat sapinten-pinten ing babagan iman. Wawatoning nerangaken ingkang kadhawahaken punika, tumrap kanggé nerangaken sadaya kitabipun Pangéran; inggih punika: sadhéngah pratélan ingkang adhapur ngibarat, anggènipun nerangaken utawi anggènipun merdèni kedah boten ngantos cengkah kaliyan piwulang baku ingkang terang gamblang ingkang sampun kadhawuhaken déning wahyuning Pangéran. Rèhning agami Nasrani punika menggah ing sajatos-jatosipun kalèntuning anggènipun anerangaken sawenèh pratélan ngibarat, milanipun wawaton punika dipun anggé minangka pupucuking ngrembag bab agami Nasrani, punika mungguh sanget.

Pupucuking dhawuh ing ruku' ingkang kapisan, punika wonten ing ruku' ingkang kaping kalih dipun sambeti dhawuh bab Kasawijènipun Allah, ingkang kaundhangaken dados dhadhasaripun ingkang terang gamblang sadaya agami, sarta kawecakaken bilih ing wasananipun mesthi menang. Ruku' ingkang kaping tiga nyebutaken oncatipun karaton ruhani saking trah Israil, sarta para warganing kulawangsa pipilihan ingkang wekasan kasebutaken ing ruku' ingkang kaping sekawan. Sawenèh saking warganing kulawangsa pipilihan wau, inggih punika Kanjeng Nabi 'Isa. Margi wontenipun kalèntuning paham prakawis warni-warni ing bab sariranipun Kanjeng Nabi 'Isa wau, mila ing ruku' kakalih sambetipun perlu radi sawatawis panjang pangrembagipun. Ruku' ingkang kaping pitu nglajengaken babantahan kaliyan para titiyang Yahudi tuwin para titiyang Nasrani, déné ruku' ingkang kaping wolu ngrembag gelar kalawisanipun para titiyang wau anggènipun badhé angrebahaken Islam. Ruku' ingkang kaping sanga mangandikakaken pasaksènipun kitab ingkang rumiyin-rumiyin tuwin para andika nabi dhateng kayektènipun Islam déné ingkang kaping sadasa nyebutaken pasaksèn ingkang langgeng, inggih punika pasaksènipun Ka'bah, punjeripun Islam. Punika lajeng kasambetan ing pitutur wonten ing ruku' candhakipun dhateng titiyang Muslimin supados tansah golong saékapraya, manawi kepéngin badhé angsal kamenangan, sarta angèngeti badhé wontenipun paprangan, para Muslimin dipun pangandikani wonten ing ruku' candhakipun, supados ingkang ngatos-atos manawi sasambetan kaliyan para titiyang Yahudi, awit namung lahiripun kémawon para titiyang wau sami asikep kados déné mitra, nanging lebet-lebetipun mengsah dhateng para Muslimin. Lalampahan nalika perang Uhud, sababipun nemahi kasangsaran wonten ing ngriku, sarta kados pundi sagedipun angsal kamenangan, punika dados rembag wiwit ing ruku' ingkang kaping tigawelas dumugi satelasipun, namung kaselanan saruku' ing wingking ingkang anyebutaken pangawon-awonipun para titiyang Yahudi.

Sasambetanipun

Wigatosing sasambetanipun surat punika kaliyan surat ingkang sampun, punika saged kacetha saking gelar yektinipun déné surat kakalih punika kagamblok winastan *zahrâwân* (jawinipun *loro kang sumorot anelahi*). Menggah ing sajatos-jatosipun surat kakalih punika kénging karembag dados satunggal surat, awit surat ingkang satunggal dumunung anjangkepi lan nerangaken surat satunggalipun. Surat ingkang kaping kalih kawiwitan kalayan babantahan kaliyan para titiyang Yahudi, déné péranganipun ingkang kantun ngrembag bab kuwajiban perang lan pranatan umum ingkang magepokan kaliyan perang karana yakti lan karana kaadilan tuwin karana rumeksa diri. Lah, surat ingkang kaping tiga kawiwitan kalayan babantahan kaliyan titiyang Nasrani, déné péranganipun ingkang wingking ngrembag bab lalampahanipun ing perang Uhud. Nanging sasambetanipun ingkang langkung cetha malih antawising wekasanipun surat ingkang kaping kalih kaliyan wiwitanipun surat ingkang kaping tiga, punika pinanggih wonten ing kanyataanipun, déné surat ingkang kaping kalih dipun pungkasi kaliyan pratélan bab sifatipun agami Islam ingkang ajajagadan, ngedahaken angèstu dhateng sadaya Nabi, déné surat punika kawiwitan kalayan pratélan ingkang anyebutaken Torèt lan Injil, minangka dados tuladha kayektènipun wahyu ingkang rumiyin-rumiyin.

Rèhning surat ingkang sampun kalayan panjang sampun angrembag para Yahudi tuwin anggènipun sami mengsahi, namung kalayan cekak anggènipun nyebutaken titiyang Nasrani, mila ingkang baku surat punika ngrembag bab titiyang Nasrani, namung kalayan cekak anggènipun nyebataken titiyang Yahudi.

Makaten ugi, surat ingkang kaping kalih, punika mligi ngrembag "kedah perang" kaliyan mengsah ingkang sumedya badhé anyirnakaken Islam, déné surat punika, ngrembag lalampahan ingkang kelampahan wonten ing salah satunggaling peperangan-peperangan kaliyan mengsah ingkang sumedya damel pituna dhateng Islam, sarta ingkang fihakipun mengsah kaanggep angsal damel boten kétang namung sakedhik.

Titimangsa tumurunipun

Sagemblengipun surat punika kadhawuhaken wonten ing Madinah, sarta limrahipun kaanggep kagolong ingkang angka kalih utawi angka tiga menggah ing urut-urutanipun tumrap wahyu Madaniyah (Itq). Péranganipun ingkang wingking, inggih punika wiwit ruku' 13 mèh dumugi satelasipun, mligi ngandharaken lalampahan-lalampahan nalika perang Uhud; awit saking punika taun Hijrah kaping tiga punika kénging dipun anggé ancer-ancer nginten-inten titimangsa tumurunipun.

RUKU' 1

Quran sarta wahyu (wewedharan) ingkang rumiyin, tuwin wawatoning anerangaken

1-5. Taurât lan Injil asuka pitedah dhateng yaktinipun Quran. 6. Wawatonipun anerangaken wuwulang. 7, 8. Panyuwun tuntunan.

Kalayan asmanipun Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

1 Ingsun Allah, Ingkang-Mahawikan.

الٓمٓ ١

2 Allah iku, ora ana sesembahan kajaba Panjenengané, Ingkang-Gesang-langgeng, Ingkang-Jumeneng-pribadi, karanané anané sagung dumadi,[381]

ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلۡحَيُّ ٱلۡقَيُّومُ ٢

3 Panjenengané wus andhawuhaké Kitab marang sira kalayan yekti,[382] dumunung ambeneraké

نَزَّلَ عَلَيۡكَ ٱلۡكِتَٰبَ بِٱلۡحَقِّ مُصَدِّقٗا لِّمَا

Nanging péranganipun ingkang wiwitan, langkung-langkung ingkang ngrembag: miyosipun Kanjeng Nabi 'Isa lan pakaryanipun, punika kacariyos tumurunipun nalika jaman pisowanipun para wakiling titiyang Nasrani ing Najran, ingkang kelampahan nalika taun Hijrah ingkang kaping sadasa. Para mufassirin limrahipun sami amastani bilih ingkang tumurunipun nalika ing wekdal pisowanipun para wakil Najran punika ayat 1-62 utawi ayat 1-83; nanging bokmanawi kémawon namung ayat 60 thok ingkang tumurunipun ing wekdal wau, inggih punika ayat ingkang mangandikakaken bab *mubâhalah*, satunggaling lalampahan ingkang mligi magepokan kaliyan para wakil Najran; déné bukti-bukti ingkang kanggé ngrembag agami Nasrani ing saumumipun, punika tumurunipun langkung rumiyin, mèh kénging katamtokaken nalika taun Hijrah kaping tiga. Manawi nitik bab ingkang karembag wonten ing surat punika, ugi anuwuhaken pupuntoning pamanggih ingkang kados makaten punika. Salajengipun perlu dipun terangaken pisan ing ngriki, bilih anggolongaken ayat 26 lan 27 dhateng wahyu Makiyah, kados déné lekasipun sawenèh jurunitipriksa Nasrani, punika anedahaken kirangipun babar pisan seserepanipun ing babagan babad Islam.

---

381. Surat punika asifat ambantah piwulang Nasrani, sarta pambantahipun wau katerangaken ngantos dumugi ayat 83. Laras sanget kaliyan sifatipun ingkang kados makaten wau, manawi surat punika dipun bubukani kaliyan sifatipun Pangéran kakalih, inggih punika *Al-Hayy* (Ingkang-Gesang-Langgeng) tuwin *Al-Qayyum* (Ingkang-Jumeneng-Pribadi), inggih Ingkang ngawontenaken sadaya barang. Pranyata punika pambantah ingkang patitis tumrap piwulang bab kapangérananipun Kanjeng Nabi 'Isa, jalaran, panjenenganipun mawi kalahiraken tuwin mawi séda, punika mratandhani manawi panjenenganipun boten kasinungan sifat kakalih wau. Dhawuh: *Ora ana sesembahan kajaba Panjenengané*, punika pathining piwulang Islam. Dados, piwulang bab kasawijènipun Pangéran ingkang sampun karembag kalayan panjang apunjung wonten ing surat ingkang sampun, punika wonten ing ngriki kacethakaken malih. Menggah ing sajatos-jatosipun saglembenging agami Islam, punika kawengku wonten ing salebetipun ukara ingkang namung isi sekawan tembung, inggih punika: *Lâ ilâha illallâh.*

382. Murih gampilipun tembung *bi-l-haqq* kula tegesi: *kalayan yakti.* Nanging tembung *haqa*

barang kang ana ngarepé, lan andhawuhaké Taurat lan Injil[383] biyèn tuntunan tumrap para

بَيْنَ يَدَيْهِ وَاَنْزَلَ التَّوْرٰىةَ وَالْاِنْجِيْلَ ۙ

---

punika tegesipun ingkang sakawit *cocog kaliyan kawicaksanan, kaadilan, leres, kasunyatan,* utawi *kanyataan*; utawi *laras kaliyan kados pundi mesthinipun tumrap satunggaling prakawis* (Rgh, TA-LL). Dados suraosipun tembung wau ingkang sajati: tumurunipun Quran punika cocog kaliyan kabetahanipun kawontenan. Manawi katembungakaken sanès: tumurunipun Quran punika wonten ing wekdal nalika sagung para manusa ambetahaken sanget dhateng tumuruning wahyu. Bukti kayektènipun Quran satunggal punika, nadyan silih para tukang nyela boten saged mabeni. Sampun malih agami ingkang kina-kina, agami Nasrani pisan, ingkang nalika jaman samanten agami ingkang kantun piyambak mulangaken kasawijènipun Pangéran, ugi kasangetan risakipun. Tuwan Muir nerangaken: "Agami Nasrani piyambak ing nalika abad ingkang kaping pitu, bibrah tuwin risak. Agami Nasrani lumpuh déning pepejahanipun ingkang sami memengsahan satunggal lan satunggalipun, sarta piwulangipun ingkang murni tur jembar kados nalika ing jaman kina, santun salaga dados piwulang gugon-tuhon kados pangandelipun laré alit" (Life of Muhammad, intr., kaca 83).

Para mufassirin nembungaken tembung *bi-l-haqq* punika ateges *ingkang anedahaken dhateng margi ingkang leres* ing dalem prakawis *ingkang ing sadèrèngipun dipun sulayakaken* utawi ateges *ingkang saged ngandharaken lalampahanipun para andika nabi ing kina kalayan leres,* utawi ateges *ingkang nyata janji-janjinipun tuwin pangancamipun dhateng prakawis ingkang badhé kelampahan, ingkang mahanani para angèstu puguh ing margi ingkang leres* (Rz). Sawenèh mufassir nerangaken tembung wau ateges: *kalayan bukti-bukti tuwin tandha yekti* (AH).

383. Ing sagemblenging surat ingkang sampun kapengker, *Taurâh* lan *Injîl*, kitab Torèt lan Injil, boten kasebutaken ceplos namanipun, nanging asring kapangandikakaken *kang ana ing sira*, langkung-langkung kitab Torèt. *Taurâh* punika namanipun kitab-kitab ingkang kaparingakaken dhateng Kanjeng Nabi Musa as. Dados jarwinipun ingkang leres sami kaliyan tembung 'Ibrani *Torah.* Tembung Taurat punika boten ateges Prajanjian Lami, jalaran Prajanjian Lami punika namaning klempakaning kitab-kitab nab-nabi bani Israil, kalebet ugi Taurah, Zabur tuwin sanès-sanèsipun malih. Ing kitab-kitab 'Ibrani, Torah punika ateges: *karsanipun Pangéran ingkang kawahyokaken*. Sawenèh mufassirin mastani tembung *Taurâh* punika asal saking tembung *wari*, kados déné tetembungan tegesipun: *ngurubaken*, lajeng kaanggep tegesipun wantah tembung wau *papadhang.* Tembung *kitâb*, mengku teges ingkang langkung anyrambahi, tarkadhang ateges Prajanjian Lami, tarkadhang ateges Bébel.

Tembung *Injîl* punika boten ateges Prajanjian Énggal, kados déné pangintenipun tuwan Muir tuwin sarjana sanès-sanèsipun. Miturut Quran Suci, ing sapengkeripun Kanjeng Nabi 'Isa, ing antawisipun bangsa Bani Israil (utawi ing antawising pandhèrèkipun Kanjeng Nabi 'Isa), boten wonten nabi (ingkang mesthinipun kaparingan ampilan kitab) ingkang rawuh kanthi ngampil wahyu kitab Kanjeng Nabi 'Isa punika wekasanipun para nabi Bani Israil, panjenenganipun kaparingan wahyu kitab ingkang kasebut *Injil*, ingkang tegesipun wantah *pawartos bibingah.* Wondéné sababipun mila wahyu kitab ingkang kaparingakaken Kanjeng Nabi 'Isa kawastanan *Injîl* utawi *pawartos bibingah*, punika amargi kitab wau maringi pawartos bibingah bab badhé rawuhipun panutuping para nabi, ingkang kapangandikakaken déning Kanjeng Nabi 'Isa kalayan tembung pasemon lir péndah rawuhipun: karatoning Allah (Markus 1: 15), rawuhipun Pangéran (Matteus 21: 40), rawuhipun Juru-pirembag (Yuhanan 14: 16), utawi ruhing kayektèn (Yuhanan 14: 17) tuwin sanès-sanèsipun. Serat "Para Rasul," "serat-serat Kintunan," "Serat Wahyu," punika sadaya déning Quran boten dipun akeni manawi dados péranganipun Kitab *Injîl*, malah "Injil mirid saking panganggitipun Matteus tuwin sapiturutipun, punika ugi boten dipun akeni manawi punika *Injil*, ingkang katurunaken dhateng Kanjeng Nabi Isa, sanajan saged ugi Injil ingkang wonten ing jaman samangké punika boten kétang namung sapérangan mengku piwulang ingkang asli. Panganggepipun Quran dhateng Kitab Injil makaten wau, ing sapunika dipun akeni leresipun, tandhanipun sawarnining kritik (panyela) punika sadaya pinuju dhateng aslinipun "*synoptici*" (Injil tiga, inggih punika Markus, Matteus lan Lukas), ingkang ing sapunika sampun ical babar pisan. Quran boten naté mangandikakaken bilih *Injil ingkang murni, ingkang katurunaken dhateng Nabi 'Isa,* punika taksih wonten nalika jamanipun Kanjeng Nabi Muhammad saw.

manusa,[384] lan andhawuhaké Panyilah.[385] Sayekti, para sing padha angafiri timbalan-timbalaning Allah – iki bakal olèh panduman siksa kang keras: lan Allah iku Minulya, Gustining wawales.[386]

مِنْ قَبْلُ هُدًى لِّلنَّاسِ وَأَنْزَلَ الْفُرْقَانَ ۗ
إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا بِآيَاتِ اللَّهِ لَهُمْ عَذَابٌ
شَدِيدٌ ۗ وَاللَّهُ عَزِيزٌ ذُو انْتِقَامٍ ﴿٣﴾

4 Sayekti Allah iku – ingatasé Panjenengané ora ana kasamaran apa-apa kang ana ing langit-langit lan kang ana ing bumi.

إِنَّ اللَّهَ لَا يَخْفَىٰ عَلَيْهِ شَيْءٌ فِي الْأَرْضِ
وَلَا فِي السَّمَاءِ ﴿٤﴾

5 Panjenengané iku kang amangun sira ana sajroning talanakan kapriyé karsa-Né; ora ana sesembahan kajaba Panjenengané, Ingkang-Minulya, Ingkang-Wicaksana.

هُوَ الَّذِي يُصَوِّرُكُمْ فِي الْأَرْحَامِ كَيْفَ
يَشَاءُ ۚ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٥﴾

6 Panjenengané iku kang wus andhawuhaké Kitab marang sira; ayat-ayaté ana kang pancasan, iki baboning Kitab, sarta ana kang gagambaran;[387] wondéné para kang

هُوَ الَّذِي أَنْزَلَ عَلَيْكَ الْكِتَابَ مِنْهُ
آيَاتٌ مُحْكَمَاتٌ هُنَّ أُمُّ الْكِتَابِ وَأُخَرُ
مُتَشَابِهَاتٌ ۖ فَأَمَّا الَّذِينَ فِي قُلُوبِهِمْ زَيْغٌ

384. Kitab Torèt lan Injil, dalasan ingkang wonten ing jaman samangké punika, isi piweca pinten-pinten ingkang kanyataanipun wahananipun wonten ing rawuhipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw; awit saking punika mila kakalihipun wau kapangandikakaken manawi dados tuntunan tumrap para manusa. Nanging ukara “Lan andhawuhaké Taurat lan Injil biyèn” punika saged ugi ukara seselan (*parenthetical*), dados tembung *tuntunan tumrap para manusa,* punika nama dados kateranganipun Kitab ingkang katurunaken dhateng Kanjeng Nabi.

385. Katerangaken tembung *Furqân*, mirsanana katerangan angka 85. Menggah ing sajatos-jatosipun *furqân* punika tandha yekti ing kayektèning wahyu, mila para Yahudi tuwin para Nasrani dipun paringi pèpènget sampun agé-agé angemohi yakti. Rèhning *furqân* utawi panyilah ingkang tumrap Kanjeng Nabi punika wontenipun déning perang Badar, mila lalampahan punika kasebutaken wonten ing ayat 12, minangka dados pupucukipun babantahan ingkang saèstu. Sawenèh mufassirin kagungan pamanggih bilih *furqân* punika namanipun Quran Suci, jalaran kapangandikakaken bilih tumurunipun Quran Suci punika supados nyilahaken antawisipun leres lan lepat (Rz).

386. *Intiqâm* punika asal saking tembung *niqmat*, ingkang manawi miturut sadaya ingkang kénging kanggé wawaton ateges: *wawales ingkang dados bebahanipun tiyang ingkang lepat* (Rgh, TA). Tembung wau mengku suraos males, nanging boten mengku raos ngalap-pulih انتقمت منه ateges *Aku nandukaké wawales minangka ukum marang dhèwèké marga saka tindaké*, utawi *Aku midana dhèwèké* (LL). Rz nerangaken tegesipun tembung wau inggih kados makaten punika. Dados ذوانتقام ingkang dados sifatipun Pangéran, punika ateges *ingkang nandukaken wawales.*

387. Ing ngriki katerangaken bilih ayat-ayatipun Quran Suci punika sapérangan *muhkam* (pancasan) tuwin sapérangan *mutasyâbih* (gagambaran). Ing 11: 1 kapangandikakaken bilih Quran Suci punika *Kitab ingkang ayat-ayatipun pancasan*, tuwin ing 39: 23 kasebutaken *kitâban mutasyâbihan.*

فَيَتَّبِعُونَ مَا تَشَابَهَ مِنْهُ ابْتِغَاءَ الْفِتْنَةِ
وَابْتِغَاءَ تَأْوِيلِهِ ۗ وَمَا يَعْلَمُ تَأْوِيلَهُ إِلَّا
اللَّهُ ۗ وَالرَّاسِخُونَ فِي الْعِلْمِ يَقُولُونَ آمَنَّا

ing sajroning atiné ana pamblasaré, banjur padha *milih* pérangané kang gagambaran, pamrihé kanggo anasaraké, sarta sing dipilih panyurasané (dhéwé);[388] ananging ora ana kang weruh surasané kajaba Allah, lan para kang padha mateng ing kawruhé — padha

---

Boten sisah kamanah panjang-panjang pratélan warni tiga wau sampun saged anedahaken anggènipun boten cecengkahan, kosokwangsulipun ingkang satunggal malah nerangaken satunggalipun. Tegesipun wantah, *muhkam* (saking tembung *hakama*, jawinipun *nyegah*, ingkang saking tembung wau lajeng wonten tembung *ahkama* ingkang jawinipun adamel *kekah* utawi *gumathok* satunggaling barang), punika: *ingkang tegesipun boten sontan-santun* tuwin *boten éwah gingsir*; déné *mutasyâbih* (saking tembung *syibh*, ingkang jawinipun *sarupi* utawi *mèmper*), punika *ingkang pépéranganipun sami* utawi *cocog*. Dados *mutasyâbihât* punika barang ingkang satunggal kaliyan satunggalipun serupi utawi *mèmper*, dados *kénging dipun suraos warni-warni* (LL). Dados manawi kasebutaken bilih sagemblenging Kitab Quran punika *muhkam*, punika tegesipun: sadaya ayat-ayatipun punika pancasan, déné manawi kasebutaken bilih Quran punika *mutasyâbih* (39: 23), punika tegesipun: sagemblenging Quran punika *sadaya pépéranganipun cocog*. Déné ayat-ayat ingkang *mutasyâbihât* (ingkang kénging kasuraos warni-warni) punika, murih saged mengku teges ingkang gumathok. Ing ngriki kasebutaken bilih Quran sampun netepaken wawaton-wawaton kalayan dhawuh ingkang cetha; punika kedah dipun ugemi kanggé adhadhasar; lan wonten malih pratélan ingkang katerangaken kalayan tetembungan ngibarat utawi ingkang kénging dipun suraos warni-warni; punika anggènipun nyuraos kedah cundhuk kaliyan dhawuh sanèsipun tuwin kaliyan ruhipun Quran. Menggah ing sajatos-jatosipun, sadaya serat punika inggih kados makaten punika kedahipun. Manawi satunggaling angger-angger kapacak ing serat kalayan tetembungan ingkang terang gamblang, ingkang boten saged ngalèntu tampèkaken, sadaya pratélan ingkang kemeng suraosipun utawi ingkang sajak cecengkahan kaliyan angger-angger ingkang sampun katetepaken wau, kedah dipun suraos miturut wawaton ingkang sampun genah wau. Saèstu nyamleng sanget manawi babagan punika kawarsitakaken wonten ing ngriki, dados pupucuking babantahan kaliyan titiyang Nasrani, awit para Nasrani makaten anggènipun sami mangéran dhateng Kanjeng Nabi ‘Isa tuwin cecepengan pangandel bab panebusing dosa sarana rah, punika adhadhasar sawenèh tetembungan ingkang kénging kasuraos warni-warni utawi pratélan gagambaran, kalayan tanpa mawi angèngeti wawaton ingkang mangka adhadhasar, ingkang sampun katetepaken déning para andika nabi ingkang sampun-sampun. Inggih makaten wau sabab ingkang baku piyambak, ingkang anjalari tuwuhing i’tikad sasar ingkang mratah ing ngalam donya punika, inggih punika negesi dhawuh ingkang tetembunganipun saged kasuraos warni-warni utawi gagambaran kanthi acecengkahan kaliyan wawatoning kitab ingkang nyrambahi, ingkang mesthinipun kanggé wawatoning nyuraos. Ing bab panganggep dhateng mu’jizatipun Kanjeng Nabi ‘Isa, para Muslimin piyambak inggih nemahi lepat margi saking margi ingkang kados makaten wau.

388. *Fitnah* punika *nasaraken* tiyang kathah (TA-LL), utawi *nanem wijining pasulayan* utawi *béda-bédaning pamanggih* (Q,LL), sarana merdèni pérangan ingkang satunggal cecengkahan kaliyan satunggalipun. *Ta’wil* (saking tembung *aul*, ingkang jawinipun *wangsul*), punika *pungkasan* utawi *wekasanipun* satunggaling barang, utawi *merdèni* punapa ingkang saged kasuraos warni-warni utawi gagambaran kados déné merdèni impèn, tuwin sasaminipun. Tembung *ta’wilahu* ing ngriki, déning Kf dipun tegesi *panyuraos ingkang miturut sakajeng-kajengipun piyambak*, sarta AH ugi makaten punika anggènipun negesi. Awit saking punika mila anggèn kula negesi ayat punika kula sukani tembung *dhéwé* kakurung. Para titiyang ingkang kapangandikakaken wau boten sami purun milih suraosipun dhawuh ingkang sajati, ingkang sagedipun pinanggih namung sarana nocogaken kaliyan wawaton ingkang sampun katetepaken wonten ing panggènan sanès. Nanging inggih saged ugi ingkang dipun karsakaken ing dhawuh wau anggènipun sami nyuraos satunggaling ayat *mutasyâbihât* punika *mligi* punika thok, liripun boten mawi angèngeti sasambetanipun ayat wau kaliyan ayat-ayat sanès tunggilipun utawi kaliyan wawaton ingkang sampun katetepaken wonten ing panggènan sanès.

calathu: Kula sami angèstokaken punika, sadaya saking ngarsanipun Pangéran kawula;[389] lan ora ana padha angélingi, kajaba kang padha ganep akalé.

بِهٖۙ كُلٌّ مِّنْ عِنْدِ رَبِّنَا ۚ وَمَا يَذَّكَّرُ اِلَّآ اُولُوا الْاَلْبَابِ ۝٦

7 Pangéran kawula! mugi Tuwan sampun ambalasaraken manah-manah kawula ing sasampunipun Tuwan anuntun ing kawula, saha mugi Tuwan aparing sih saking ngarsa Tuwan dhateng kawula; saèstu Tuwan, Tuwan punika Ingkang-Agung-ing-paparing.

رَبَّنَا لَا تُزِغْ قُلُوْبَنَا بَعْدَ اِذْ هَدَيْتَنَا وَهَبْ لَنَا مِنْ لَّدُنْكَ رَحْمَةً ۚ اِنَّكَ اَنْتَ الْوَهَّابُ ۝٧

8 Pangéran kawula! saèstu Tuwan punika Ingkang-angimpun para manusa ing dinten, ingkang tumrapipun punika sampun boten wonten semangipun; saèstu Allah punika boten anyulayani janji (-Nipun).[390]

رَبَّنَآ اِنَّكَ جَامِعُ النَّاسِ لِيَوْمٍ لَّا رَيْبَ فِيْهِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ لَا يُخْلِفُ الْمِيْعَادَ ۝٨

RUKU' 2

Mahatunggalipun Allah punika dados tatales ingkang terang tumrap sadaya agami, sarta wekasanipun mesthi menang

9-11. Weca kasoranipun titiyang kafir. 12. Perang ing Badr punika satunggaling tandha. 13-16. Kasawijèn punika gagayuhaning gesang ingkang ageng. 17. Punika tatales ingkang ageng tumrap sadaya agami. 18-19. Milanipun namung Islam piyambak agami ingkang leres.

389. Dhawuh punika kénging kanggé ancer-ancer kados pundi caranipun nyuraos ingkang saleres-leresipun. Tembung: *sadaya saking ngarsanipun Pangéran kawula*, punika mengku teges bilih sadaya pépéranganipun Kitab Suci Quran punika boten wonten ingkang cecengkahan satunggal kaliyan satunggalipun, awit sabda pangandikanipun Pangéran Ingkang-Mahawikan mesthi botenipun satunggal kaliyan satunggalipun cecengkahan. Dados, wawatoning nerangaken ingkang kedah dipun anggé punika: dhawuh ingkang kénging dipun suraos warni-warni kedah dipun cundhukaken kaliyan dhawuh ingkang tegesipun terang gamblang, utawi kaliyan dhawuh saminipun, sarta pratélan ingkang khusus (tartamtu), kedah manut dhateng wawaton ingkang umum (nyrambahi). Dados manawi pamaosipun sadaya dhawuh punika kacocogaken satunggal kaliyan satunggalipun, mesthi badhé pinanggih tegesipun ingkang sajatos dhawuh-dhawuh ingkang saged dipun suraos warni-warni wau.

390. Sajakipun ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika badhé nglempakipun wadyabalaning mengsah wonten ing paperangan tuwin janjinipun Gusti Allah badhé maringi kamenangan dhateng para mukmin. Ayat-ayat sambetipun nyethakaken bab prakawis punika. Mirsanana ayat 11.

9 Sayekti, (tumrapé) para kang padha kafir, rajadarbèké lan anak-anaké, iku ora bakal migunani sathithik-thithika marang awaké (kanggo) nglawan Allah, lan yaiki kang padha dadi urub-urubing geni,[391]

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا لَنْ تُغْنِيَ عَنْهُمْ أَمْوَالُهُمْ وَلَا أَوْلَادُهُمْ مِنَ اللَّهِ شَيْئًا ۖ وَأُولَٰئِكَ هُمْ وَقُودُ النَّارِ ﴿٩﴾

Ut. *patrapé*

10 Kaya *penguya-uyané* wadyané Fir'aun[392] lan para ing sadurungé; iku padha angemohi timbalan-timbalan-Ingsun, mulané padha diastani déning Allah amarga saka *kaluputané*;[393] lan Allah iku keras pamalesé (marang laku ala).

Ut. *dosané*

كَدَأْبِ آلِ فِرْعَوْنَ ۙ وَالَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ ۚ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا ۚ فَأَخَذَهُمُ اللَّهُ بِذُنُوبِهِمْ ۗ وَاللَّهُ شَدِيدُ الْعِقَابِ ﴿١٠﴾

---

391. Ayat 9-11 mengku piweca ingkang terang badhé kawonipun para mengsahipun Kanjeng Nabi. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, anggènipun piweca punika katerangaken wonten ing ngriki, punika supados dados pasaksèn ing kayektènipun Kanjeng Nabi. Nadyan titiyang Quraisy sampun nemahi kawon nalika ng paperang Badar, éwadéné taksih nglempakaken wadyabala ingkang kiyat lumawan para Muslimin, ingkang nalika samanten taksih sakedhik cacah jiwanipun, sarta para titiyang Quraisy wau sami prasetya badhé males dhateng para Muslimin. Kaèngetana bilih para Muslimin punika taksih ringkih sanget upamia badhé nempuh memengsahan, awit saking punika wontenipun piweca ingkang cetha bab badhé kawoning mangsah-mengsahipun, punika manawi dipun laras saking kawontenaning kakiyatanipun golongan kakalih wau, ngalèr-ngidul sanget.

392. *Da'b* punika ateges panyarempeng (saking tembung kriya *da'aba,* jawinipun *nyrempeng*) (T, S, LL). Zy tuwin Asamm kagungan pamanggih manawi punika teges ingkang kagem ing ngriki (Rz), dados boten ateges *cara* kados déné anggènipun negesi mufassirin sanès-sanèsipun. Teges ingkang angka satunggal wau boten namung cocog kaliyan tegesing tembung ingkang asli kémawon, nanging ugi mathis kaliyan suraosing dhawuh. Titiyang kafir sami dipun pangandikani bilih anggènipun sami nyarempeng milawani Kanjeng Nabi kalayan bandhanipun saha titiyangipun, punika badhé nemahi karisakanipun piyambak, boten prabéda kados déné anggèning titiyangipun Fir'aun sami nemahi karisakan margi saking anggènipun nyarempeng milawani Kanjeng Nabi Musa.

393. *Dhamb* punika asli saking tembung *dhanaba*, tegesipun *tut wingking*. Rgh nerangaken: *Dhamb punika asalipun ateges nyepeng buntutipun satunggaling barang, saha tembung wau kanggé nembungaken sawarnining tindak ingkang nemahi boten sakéca*. Miturut LL tembung *dhamb* punika ateges *dosa, duraka, lepat, murang yakti* utawi *tindak andaga*. Kacariyos bédanipun tembung *Dhamb* wau kaliyan tembung *itsm*, manawi dhamb punika dosa ingkang anggènipun katindakaken kanthi jaragan utawi boten kajarag, nanging manawi *itsm* namung tartamtu ingkang jaragan (Kull-LL). Dados nitik saking punika tétéla manawi *dhamb* punika tembung ingkang mengku teges ingkang wiyar, sarta tembung punika pikantuk kanggé nembungaken *sarupining galap-gangsulipun panindak ingkang tuwuh margi saking boten migatosaken, margi boten kongang utawi margi saking andaga*, malah inggih pikantuk ugi kanggé nembungaken *cacad* utawi *kirang sampurna ingkang nemahi boten sakéca*. Kanggénipun wonten ing Qur'an Suci, tembung punika kanggé nembungaken sawarnining galap-gangsulipun panindak, wiwit dosa ageng ingkang katindakaken déning para tiyang duraka, dumugi cacad utawi tindak kurang sampurna, ingkang dalasan ingkang sampurna pisan mesthi kanggènan. Ingkang makaten punika cocog sanget kaliyan kateranganipun serat-serat bausastra. Awit saking punika mila tembung wau kula tegesi *kalepatan*, jalaran punika ingkang radi celak kaliyan suraosipun tembung *dhamb* ingkang sakalangkung wiyar wau.

قُلْ لِّلَّذِيْنَ كَفَرُوْا سَتُغْلَبُوْنَ وَتُحْشَرُوْنَ اِلٰى جَهَنَّمَ ۗ وَبِئْسَ الْمِهَادُ ﴿١١﴾

11 Calathua marang para kang padha kafir: Kowé bakal padha kalindhih sarta diimpun kagiring marang naraka; lan iku palèrènan ala.[394]

قَدْ كَانَ لَكُمْ اٰيَةٌ فِيْ فِئَتَيْنِ الْتَقَتَا ۗ فِئَةٌ تُقَاتِلُ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَاُخْرٰى كَافِرَةٌ يَّرَوْنَهُمْ مِّثْلَيْهِمْ رَاْيَ الْعَيْنِ ۗ وَاللّٰهُ يُؤَيِّدُ بِنَصْرِهٖ مَنْ يَّشَآءُ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَعِبْرَةً لِّاُولِى الْاَبْصَارِ ﴿١٢﴾

12 Temen, tumrapé sira, ing dalem tempuré golongané loro, ana sawijining tandha yekti; golongan kang siji perang ing dadalaning Allah, déné sijiné padha kafir, kang katoné kèhé tikel loroné awaké, manut pandelengé mripat;[395] lan Allah anguwataké sarana pitulung-É sapa kang dadi kapareng-É; sayekti ing dalem mangkono iku temen ana sawijining wulang tumrap para kang padha genep wawasané.

394. Punika salah satunggaling dhawuh ingkang marsitakaken siksa ing gesang sapunika, inggih punika *kawon*, kaliyan siksa ing akhirat, inggih punika *naraka,* kapangandikakaken sareng. Pantes pinèngetan, nadyan bab kawonipun para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi punika sampun marambah-rambah kasasmitakaken ing surat ingkang sampun, nanging sadaya wau boten wonten ingkang anggènipun nyebutaken kalayan dhawuh ingkang cumeplos tur cetha kados ing ayat punika.

395. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika perang Badar. Terangipun: tumrap para Muslim titiyang kafir tikel kalih cacahipun kaliyan awakipun piyambak, pratélan punika boten cecengkahan kaliyan pratélan ing 8: 44 "Lan nalika Panjenengané meruhaké sira ing dhèwèké, kalané sira pethuk karo dhèwèké, ana ing pandelengira katon sathithik lan Panjenengané anyathithikaké sira ing dalem pandelengé." Cacahipun wadya kalih wau ingkang sajatos, inggih punika: titiyang kafir 1000, titiyang Muslimin 313. Pratélan ingkang kadhawuhaken ing ayat punika: Para Muslimin ningali tiyang kafir tikel kalih kathahipun kaliyan wadyanipun piyambak, inggih punika kirang langkung nem atusan. Awit saking punika wonten ing paningalipun para Muslimin, cacah jiwanipun titiyang kafir wau meksa taksih sakedhik manawi katimbang kaliyan nyatanipun. Lah inggih punika ingkang kadhawuhaken ing 8: 44. Déné titiyang kafir tumrap para Muslimin katingal tikel kalihipun, punika saged katerangaken déning dhawuh ing 8: 66: "Lah yèn golonganira ana satus wong sing teguh atiné, bakal angalahaké rongatus, lan golonganira ana sèwu, bakal angalahaké rong èwu." Rèhning Pangéran ngarsakaken tempuking perang, mila sapinten kathahing wadyabalanipun mengsah ingkang saèstu kaparingaken sumerep dhateng para Muslimin, supados boten nemahi aliting manahipun manawi mangertos wadayabalanipun boten paja-paja nyamèni kaliyan wadyabalanipun mengsah menggah ing kathahipun. Sapéranganing mengsah ingkang boten kasumerepan déning para Muslimin, punika wonten sawingkingipun gumuk. Perang Badar punika tandha ing kayektènipun Kanjeng Nabi, jalaran piweca-piweca kamenangan ingkang sampun kasebut wonten ing dalem Quran kelampahan saèstu, sanajan fihakipun mengsah sarwa langkung punapa-punapanipun, kathahing prajuritipun, kaprigelanipun tuwin upakartinipun, manawi katandhing kaliyan para Muslimin ingkang ringkih, kirang pangalaman, kekirangan dadamel tuwin upakartinipun. Boten namung punika kémawon, malah cocog ugi kaliyan pamedharipun wangsit Nabi Yesayah ingkang cetha, ingkang nerangaken kados ing ngandhap punika, ing sasampunipun ngandharaken lalampahan ingkang badhé kelampahan ing tanah Arab bénjing ing tembé (Yésayah 21: 13): "É, wong isiné tanah Tema, para wong kasatan iku padha papagen kalawan banyu, wong lumayu iku padha ladènana roti. Awit déné wong iku padha ngungsi anyingkiri pedhang, anyingkiri pedhang ligan, anyingkiri gandhèwa pinenthang tuwin babayaning perang. Amarga

13 Dhemen marang pépénginan,[396] kayata: wong-wong wadon lan anak-anak lanang lan bandha kang nglumpuk arupa emas lan slaka, apa déné jaran kang becik-becik, lan raja-kaya tuwin sawah, iku digawé ménginaké marang manusa; iku kabungahaning kauripan donya; lan Allah iku tuju(-ning ngaurip) kang becik, mungguhing Panjenengané.[397]

زُيِّنَ لِلنَّاسِ حُبُّ الشَّهَوٰتِ مِنَ النِّسَآءِ وَالْبَنِيْنَ وَالْقَنَاطِيْرِ الْمُقَنْطَرَةِ مِنَ الذَّهَبِ وَالْفِضَّةِ وَالْخَيْلِ الْمُسَوَّمَةِ وَالْاَنْعَامِ وَالْحَرْثِ ؕ ذٰلِكَ مَتَاعُ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۚ وَاللّٰهُ عِنْدَهٗ حُسْنُ الْمَاٰبِ ﴿١٣﴾

14 Calathua: Apa kowé padha (gelem) dakwartani barang kang luwih becik tinimbang iki? Tumrap para kang padha bekti, ing ngarsaning Pangérané ana patamanan-patamanané, kang ing *sajroné* kali-kaliné padha mili, manggoné bakal ana ing kono, sarta olèh jodho kang padha suci apa déné

Ar. *sangi-soré*

قُلْ اَؤُنَبِّئُكُمْ بِخَيْرٍ مِّنْ ذٰلِكُمْ ؕ لِلَّذِيْنَ اتَّقَوْا عِنْدَ رَبِّهِمْ جَنّٰتٌ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا وَاَزْوَاجٌ مُّطَهَّرَةٌ وَّ

---

dhawuhing Pangéran marang aku mangkéné: sadurungé pendhak taun iki, kaétung kaya tauning buruh, nuli bakal sirna sakaluhurané tanah Kedar kabèh. Sarta bakal mung sathithik kakarèné bala pamanah iku, mung kari sathithik para prawira bangsa Kedar (Yesayah 21: 14-17). Kedar punika putranipun kakung Kanjeng Nabi Isma'il (Purwaning Dumados 25: 13), sarta wonten ing Bébel tembung punika dipun anggé kanggé mastani pancer Arab turun Kedar (Zabur 120: 5; Mustikaning Kidung 1: 5; Yesayah 42: 11, 60: 7 tuwin sanès-sanèsipun). Pinanggihipun wonten ing babad, namung wonten priyagung satunggal, ingkang anggènipun ngungsi dados gelar yekti ingkang pinèngetan dados Taun Hijrah. Inggih Kanjeng Nabi Muhammad saw. punika, ingkang kalayan namung kadhèrèkaken sahabatipun ingkang setya satunggal, ngungsi saking pedang ligan ingkang wonten ing tanganipun para prajurit panjagi ingkang ngepang dalemipun; let sataun kaliyan titimangsa Hijrahipun wau, kaluhuranipun Kedar sirna nalika wonten ing perang Badar, ingkang kelampahan nalika taun Hijrah kaping kalih. Awit saking punika para Yahudi lan para Nasrani langkung katuju ing dhawuh, supados neksèni kawontenan punika, supados piyambakipun sami mangertos saèstu dhateng Kanjeng Nabi tur kalayan saleres-leresipun, lantaran kelampahan saèstu piweca-piweca ing Quran tuwin Bébel. Taun ingkang kaping kalih sasampunipun Hijrah dèrèng ngantos telas, panguwaosipun Kedar sirna wonten ing Badar. Perang Badar punika ugi dados tandha yakti tumrap para titiyang Yahudi tuwin titiyang Nasrani jalaran punika nedahaken manawi piyambakipun mesthi badhé nandhang nasib kados ingkang kasandhang déning para manembah brahala, manawi piyambakipun sami anggolong dhateng para titiyang wau, jalaran "Ana déné sing sapa tiba ing watu iku mau, dadi ajur, lan sing sapa ketiban, dadi remuk-remuk" (Matteus 21: 44).

396. Tembung *pépénginan* ing ngriki punika ateges *barang ingkang dados enering pépénginan-ipun*, jalaran tembungipun ingkang asli, inggih punika *syahawât*, punika tegesipun *barang ingkang dipun pingini* (Rz). salajengipun barang-barang ingkang dipun péngini wau dipun sebutaken satunggal-satunggal.

397. Ayat punika lan ayat sambetipun, punika wigatos nandhing pépénginanipun tiyang ingkang boten bekti ing Allah, kaliyan pépénginanipun tiyang ingkang angèstu. Ing ngriki kula sami dipun pangandikani, bilih sanajan kasenengan ing gesang samangké punika gadhah daya panarik, éwadéné tumrap para mukminin sajati kepéngin tansah keparek ing Allah, punika kedah dados gagayuhanipun.

رِضْوَانٌ مِّنَ اللّٰهِ ۗ وَ اللّٰهُ بَصِيْرٌۢ بِالْعِبَادِ ۚ﴿۱۴﴾

karenaning Allah; lan Allah iku Amriksani para kawula:

اَلَّذِيْنَ يَقُوْلُوْنَ رَبَّنَآ اِنَّنَآ اٰمَنَّا فَاغْفِرْ لَنَا ذُنُوْبَنَا وَ قِنَا عَذَابَ النَّارِ ۚ﴿۱۵﴾

15 Para kang padha munjuk: Pangéran kawula! saèstu kawula angèstu, mila mugi Tuwan angapunten ing kalepatan-kalepatan kawula saha mugi Tuwan amilujengaken kawula saking siksa latu;

اَلصّٰبِرِيْنَ وَ الصّٰدِقِيْنَ وَ الْقٰنِتِيْنَ وَ الْمُنْفِقِيْنَ وَ الْمُسْتَغْفِرِيْنَ بِالْاَسْحَارِ ﴿۱۶﴾

16 Para kang padha sabar sarta kang padha temen lan kang padha ambangun turut apa déné para kang padha (dhemen) wèwèh tuwin kang padha nyuwun pangapura ing wayah gagat bangun.

شَهِدَ اللّٰهُ اَنَّهٗ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۙ وَ الْمَلٰٓئِكَةُ وَ اُولُوا الْعِلْمِ قَآئِمًۢا بِالْقِسْطِ ؕ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ؕ﴿۱۷﴾

17 Allah aneksèni, yèn ora ana sesembahan kajaba Panjenengané, lan (mangkono uga) para malaikat sarta para ahli kawruh,[398] kang jejeg ing adil;[399] ora ana sesembahan kajaba Panjenengané, Ingkang-Minulya, Ingkang-Wicaksana.

398. Sagung dumados yasanipun Allah, aneksèni ing Mahatunggal-Ipun, makaten ugi para malaikat, inggih sami aneksèni déning anggènipun sami ngampil kanabian ingkang kaparingaken dhateng para andika nabi, utawi déning anggènipun sami makarya wonten ing salebeting badanipun manusa, ingkang kudratipun aneksèni ing Mahatunggalipun Pangéran. Lan malih para ingkang kasinungan kawruh sajati ing kitab-kitab sucinipun sadhéngah agami, inggih sami aneksèni kalayan tanpa wonten semang-semangipun malih dhateng kayektèning Kasawijènanipun Allah wau. Menggah ing sajatos-jatosipun Mahatunggalipun Allah punika tatales ingkang mesthi dipun akeni déning sadaya agami. Dados, sagung dumados kudrat tumitahipun manusa tuwin tatalesing sadaya agami ingkang jembar saha mratah, punika sadaya sami aneksèni ing Mahatunggalipun Pangéran. Wangsul Tatslits manut agami Nasrani, punika piwulang ingkang miyambaki, boten kaseksèn ingkang kudratipun sagung dumados kudrat tumitahipun manusa, utawi agaminipun sadaya manusa.

399. Tembung *kang jejeg ing adil* punika kénging kasuraos dados sifatipun Allah, jalaran inggih Panjenenganipun punika sajatos-jatosing ingkang ngasta adil. Nanging ukara Arab makaten punika ugi mengku teges sanès, inggih punika: *kanthi jejeg ing adil,* sarta manawi nitik pangandika ing ayat sambetipun, inggih punika bab boten adilipun tiyang ingkang kaparingan ngèlmu, tembung wau langkung pikantuk dados sifatipun para ahli kawruh. Terangipun: tiyang ingkang kasinungan ngèlmi, sanajan nganggé agami punapa kémawon, mesthi sami aneksèni ing kasunyatan agung bab Mahatunggalipun Pangéran, manawi sami jejeg ing adil anggènipun suka pasaksi. Kayektènipun dhawuh punika katingal saya gumebyar anelahi déning wontenipun para saged Nasrani jaman samangké, ingkang sami aneksèni ing kayektèning Mahatunggalipun Pangéran wau.

18 Sayekti, agama (kang bener) mungguhing Allah iku Islam,[400] lan ora sulaya para kang wus padha kaparingan Kitab kajaba ing sawisé kawruh tumeka marang dhèwèké, awit saking padha sengit-sinengitan; lan sapa sing angemohi timbalan-timbalaning Allah, lah sayekti Allah iku rikat ing pétungan.

إِنَّ الدِّينَ عِندَ اللَّهِ الْإِسْلَامُ ۗ وَمَا
اخْتَلَفَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ إِلَّا مِن بَعْدِ
مَا جَاءَهُمُ الْعِلْمُ بَغْيًا بَيْنَهُمْ ۗ وَمَن يَكْفُرْ
بِآيَاتِ اللَّهِ فَإِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ ﴿١٩﴾

19 Ananging manawa wong padha amadoni sira, iya banjur calathua: Aku iki sumarah babar pisan adhepku marang Allah, lan (mangkono uga) sing manut aku; lan calathua marang para kang wis padha kaparingan Kitab sarta marang para kang ora sastra: Apa kowé padha sumarah?[401] Déné

فَإِنْ حَاجُّوكَ فَقُلْ أَسْلَمْتُ وَجْهِيَ لِلَّهِ وَ
مَنِ اتَّبَعَنِ ۗ وَقُل لِّلَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ
وَالْأُمِّيِّينَ أَأَسْلَمْتُمْ ۚ فَإِنْ أَسْلَمُوا فَقَدِ

400. *Al-Islâm* (tegesipun wantah *sumarah*), inggih punika namanipun agami ingkang kawulangaken déning Kanjeng Nabi, punika dèrèng naté kasebutaken wonten ing surat ingkang kapengker, sanajan tembung ingkang nunggil asal kaliyan tembung wau asring dipun agem, kadosta ing 2: 112 lan sanès-sanèsipun; katrangan tembung wau sampun kasebutaken wonten ing katrangan angka 156. Perlu ugi dipun pèngeti bilih manawi miturut Quran Suci, *Islam*, punika agaminipun sadaya para Nabi: langkung-langkung agaminipun Kanjeng Nabi Ibrahim, kasebutaken marambah-rambah: Islam, sarta para nabi-nabi Bani Israil ingkang sami andhèrèk Kanjeng Nabi Musa punika kasebut *para nabi ingkang sami Muslim* (wantahipun *ingkang sumarah*). Islam punika boten namung agaminipun para nabi kémawon, nanging manawi miturut Quran Suci, ugi agami kudrat dumadosipun manusa ingkang sajatos, kados déné ing 30: 30, katerangaken mawi Islam punika: "Dumadi kang katitahaké déning Allah, kang Panjenengané wus anitahaké para manusa ing kono." Punika dipun kiyataken malih déning sabda pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci; "saben bocah iku dilahiraké Islam, wong tuané loro kang andadèkaké dhèwèké dadi Yahudi lan Nasrani."

Tembung "Islam" punika boten namung ateges *sumarah* kémawon, nanging ugi ateges *manjing dhateng Rahayu,* saking tembung *aslama*, tegesipun *manjing dhateng Rahayu (Rz)*. Dados menggah ing sajatos-jatosipun, rahayu punika èsthi ingkang nyrambahi piyambak wonten ing dalem Islam, sarta maksud ingkang katuju déning Islam, punika kasebut *enggoning rahayu* (10: 25).

401. *Para kang ora sastra* punika ingkang dipun karsakaken *bangsa Arab* (mirsanana angka 117). Bangsa Arab, titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani langkung katuju déning dhawuh punika, kaajak nganggé agami Islam, jalaran kadhawuhaken manawi agami Islam punika adhadhasar tatalesing agaminipun Kanjeng Nabi Ibrahim ingkang sakalangkung jembar, mangka Kanjeng Nabi Ibrahim punika dipun akeni nabi déning titiyang Yahudi, titiyang Nasrani, tuwin déning bangsa Arab. Awit saking punika mila ing ngriki ingkang dipun agem tembung *aslamtum* lan *aslamu*, awit inggih tembung punika ingkang kagem nembungaken agaminipun Kanjeng Nabi Ibrahim. Mirsanana 2: 128, 131. Rèhning sadaya golongan sami sarujuk ngaken ing katulusanipun Kanjeng Nabi Ibrahim, mila inggih namung tatalesing agaminipun ingkang jembar punika kémawon, ingkang kénging kanggé dhadhasaring karukunan ing antawisipun titiyang sekawan golongan, titiyang Yahudi, titiyang Nasrani, para manembah brahala Arab, tuwin para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Suci. Ruku' 7 marsitakaken bab punika kalayan panjang.

manawa padha sumarah, lah temen padha nurut dadalan bener lan yèn padha mléngos, lah wong sasangganira iku mung anekakaké (timbalan); lan Allah iku mirsani para kawula.

اهْتَدَوْا ۚ وَاِنْ تَوَلَّوْا فَاِنَّمَا عَلَيْكَ الْبَلٰغُ ۗ
وَاللّٰهُ بَصِيْرٌۢ بِالْعِبَادِ ۝١٩

RUKU’ 3

Karatoning Allah masthi oncat saking darah Israil

20–24. Ingkang sami milawani Islam badhé rumaos tanpa kiwul. 25, 26. Umat pejah badhé dipun gesangaken sarta kaparingan kahurmatan tuwin karaton. 27. Muslimin boten kénging angajeng-ajeng pitulungan saking mengsahipun. 28, 29. Saé lan awon punika masthi dipun tungka wohipun piyambak-piyambak.

20 Sayekti para kang padha angemohi timbalaning Allah sarta anyédani para nabi kalawan ora bener tuwin amatèni wong-wong kang padha maréntahaké adil, lah padha undhangana siksa kang nglarani.[402]

اِنَّ الَّذِيْنَ يَكْفُرُوْنَ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ وَيَقْتُلُوْنَ
النَّبِيّٖنَ بِغَيْرِ حَقٍّ ۙ وَّيَقْتُلُوْنَ الَّذِيْنَ يَاْمُرُوْنَ
بِالْقِسْطِ مِنَ النَّاسِ ۙ فَبَشِّرْهُمْ
بِعَذَابٍ اَلِيْمٍ ۝٢٠

21 Iki para kang panggawéné ing donya lan akhirat padha muspra, sarta padha ora ana sing nulungi.[403]

اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ حَبِطَتْ اَعْمَالُهُمْ فِى الدُّنْيَا
وَالْاٰخِرَةِ ۫ وَمَا لَهُمْ مِّنْ نّٰصِرِيْنَ ۝٢١

22 Apa sira ora weruh marang para kang kaparingan sapéranganė Kitab?[404] Padha diajak marang Kitabing Allah, supaya iki mutusana antarané awaké; tumuli sing

اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ اُوْتُوْا نَصِيْبًا مِّنَ الْكِتٰبِ
يُدْعَوْنَ اِلٰى كِتٰبِ اللّٰهِ لِيَحْكُمَ بَيْنَهُمْ ثُمَّ

402. *Basysyarahu* tegesipun ingkang asli *medharaken kawontenan ingkang saged damel éwahing polatan* (Rz); milanipun tembung wau lajeng asring kanggé kalayan mengku teges medhar pawartos bibingah; nanging wonten ing Quran tembung wau marambah-marambah dipun agem kalayan mengku tegesipun ingkang asli, kadosta ing 9: 34 tuwin 84: 24, makaten ugi ing dhawuh punika. kalayan mligi bangsa Yahudi kasebutaken dados umat tukang nyédani nabi-nabi (2: 61), nanging sajakipun punika kanthi mengku sasmita, ingkang lèrègipun nyasmitakaken anggènipun para Yahudi sami damel upaya badhé nyédani Kanjeng Nabi, nanging ingkang boten angsal damel punika.

403. Terangipun: sadaya pambudidayanipun lumawan Kanjeng Nabi mesthi badhé cabar boten angsal damel, malah awakipun piyambak badhé dumunung wonten ing kawontenan apes atanpa daya. Kelampahanipun makaten saèstu.

404. Para Yahudi kapangandikakaken manawi namung sami kaparingan sapéranganing Kitab, punika sababipun jalaran ingkang sabagéan kathah sampun sami sirna ing sadèrèngipun wekdal wau punika. Dados ingkang taksih wonten ing tanganipun ing wekdal wau punika namung sapérangan.

sapérangan padha mléngos lan padha mundur.[405]

يَتَوَلّٰى فَرِيْقٌ مِّنْهُمْ وَهُمْ مُّعْرِضُوْنَ ﴿٢٢﴾

23 Kang mangkono mau amarga saka anggoné padha calathu: Geni iku ora bakal ngenani aku, kajaba
a. 118 mung sawatara dina;[a] anggoné padha ngamandaka iku dadi nasaraké awaké dhéwé ing dalem prakara agamané.

ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ قَالُوْا لَنْ تَمَسَّنَا النَّارُ اِلَّاۤ اَيَّامًا مَّعْدُوْدٰتٍ ۖ وَغَرَّهُمْ فِيْ دِيْنِهِمْ مَّا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ﴿٢٣﴾

24 Lah kapriyé bakalé samang-sané padha Ingsun impun ing dina, kang tumrapé iku wis ora ana semangé, lan siji-sijining jiwa diparingi liliru ganep apa mur-wating panggawéné lan ora bakal padha kinganiaya.

فَكَيْفَ اِذَا جَمَعْنٰهُمْ لِيَوْمٍ لَّا رَيْبَ فِيْهِ ۟ وَوُفِّيَتْ كُلُّ نَفْسٍ مَّا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ﴿٢٤﴾

25 Munjuka: Dhuh Allah, Gusti-ning karaton! Tuwan punika ama-ringaken karaton dhateng sintena ingkang dados kapareng Tuwan sarta Tuwan anjabel karaton saking sintena ingkang Tuwan kar-sakaken, saha Tuwan punika angunggulaken sintena ingkang dados kapareng Tuwan punapa déné angasoraken sintena ingkang Tuwan karsakaken; saé punika wonten ing asta Tuwan; saèstu Tuwan punika dhateng samukawis Kawasa.

قُلِ اللّٰهُمَّ مٰلِكَ الْمُلْكِ تُؤْتِى الْمُلْكَ مَنْ تَشَآءُ وَتَنْزِعُ الْمُلْكَ مِمَّنْ تَشَآءُ ۫ وَتُعِزُّ مَنْ تَشَآءُ وَتُذِلُّ مَنْ تَشَآءُ ؕ بِيَدِكَ الْخَيْرُ ؕ اِنَّكَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٢٥﴾

405. Sawenèh para mufasirin gadhah pamanggih manawi pancasan punika tumrap lampah zina. Nanging ing Quran boten wonten dhawuh ingkang ngleresaken pamanggih ingkang matesi namung tumrap prakawis zina wau. Wonten prakawis anèh, ingkang ugi dipun trenjuhi déning tuwan Sale, inggih punika miturut angger-anggeripun Kanjeng Nabi Musa kados déné ingkang sapunika kasebut wonten ing Kaimaman 20: 10, pidhananipun lampah zina punika namung kasebutaken ukum pejah; nanging Injil Yuhanan 8: 5 nyebutaken manawi pidhana ingkang saleresipun punika *dipun benturi séla ngantos sapejahipun*. Kanjeng Nabi ugi ngandikakaken, miturut angger-angger Yahudi pidhananipun lampah zina punika: dipun benturi séla, nanging para rabbi sami boten ngajengi pancasan ingkang miturut angger-anggeripun piyambak. Punika conto ingkang cetha ing bab risakipun Kitab.

Déné ingkang dipun karsakaken ing ngriki, punika boten nuju satunggaling prakawis dosa ingkang tartamtu, nanging gagayutan kaliyan tatalesing agami ingkang jembar, ingkang para Yahudi utawi para Yahudi kaliyan para Nasrani sami pasulayan. *Kitabé Allah* punika Quran Suci, inggih punika ingkang sampun maringi pancasan ingkang leres, ingkang kayektènipun sampun gumelar nalika jaman samanten saking weca-weca ingkang selap-selap pinanggih ing dalem Bébel.

26 Tuwan punika ingkang anglebetaken dalu ing rainten saha anglebetaken rainten ing dalu, punapaa déné Tuwan punika ingkang angedalaken barang gesang saking barang pejah saha angedalaken barang pejah saking barang gesang, saha Tuwan punika aparing rejeki dhateng sintena ingkang Tuwan karsakaken, tanpa taker.[406]

تُولِجُ الَّيْلَ فِي النَّهَارِ وَتُولِجُ النَّهَارَ فِي الَّيْلِ وَتُخْرِجُ الْحَيَّ مِنَ الْمَيِّتِ وَتُخْرِجُ الْمَيِّتَ مِنَ الْحَيِّ وَتَرْزُقُ مَنْ تَشَآءُ بِغَيْرِ حِسَابٍ ﴿٢٦﴾

27 Para wong kang angèstu aja padha amèk wong-wong kafir dadi pawong mitra, saliyané para wong kang angèstu[407] lan sapa sing nindakaké mangkono, ya ora bakal

لَا يَتَّخِذِ الْمُؤْمِنُونَ الْكٰفِرِينَ أَوْلِيَآءَ مِنْ دُونِ الْمُؤْمِنِينَ ۚ وَمَنْ يَّفْعَلْ ذٰلِكَ فَلَيْسَ

---

406. Ayat punika tuwin ayat ingkang sampun, sampun genah wigatos anerangaken bilih karaton tuwin kaluhuran punika ing sapunika badhé dipun paringaken dhateng umat sanès, ingkang "dalunipun" badhé sinapu tapis, santun salaga dados "rainaning" kamenangan. Tuwan Rodwell anggènipun nganggep bilih ayat-ayat punika sanès mesthinipun manawi kapasang wonten ing ngriki, "tandhanipun ayat-ayat punika katingal anggènipun sumela anyela-nyelani sasambetanipun ayat-ayat ing sanginggilipun lan ayat-ayat candhakipun," punika lugu namung kabekta saking boten sagedipun anggagapi tegesipun ingkang sajatos ayat-ayat punika. Déné sasambetanipun sampun cetha,. Para titiyang Yahudi sampun naté sami dipun paringi pèpènget déning Kanjeng Nabi 'Isa makaten: "Kang iku aku pitutur ing kowé yèn karatoning Allah bakal pinundhut saka ing kowé, banjur kaparingaké marang sawijining bangsa kang ngetokaké wohé" (Matteus 21: 43). Umat Islam ingkang gesang kajumenengaken saking antawisipun bangsa Arab ingkang pejah, déné bangsa Israil ingkang gesang, wontenipun ing sapunika, dados bangsa ingkang menggah ing ruhaninipun pejah. Kula aturi nocogaken kaliyan dhawuh Quran ing 4: 54, lah ing ngriki Quran Suci andhawuhaken: "Lan temen Ingsun wis amaringi Kitab lan kawicaksanan para dharah Ibrahim, sarta wus padha Ingsun paringi karaton kang gedhé." Déné karaton ingkang dipun karsakaken wau kasebut wonten ing ayat 25. Tembung *mulk* (karaton) wonten ing Arab, punika boten mesthi mengku teges panguwaos dunyawi kémawon (Rz).

407. Rèhning para Muslimin saweg wonten ing salebeting kawontenan peperangan kaliyan para titiyang kafir, dadosipun sami kaawisan boten kénging ngupados pangayoman dhateng mengsahipun minangka juru-pangreksaning kawigatosanipun para Muslimin utawi nedha pitulungan punapa kémawon dhateng mengsahipun. Pratélan ingkang sakalangkung terang ingkang kasebut wonten ing 60: 8, 9 saged anggenahaken bab prakawis punika kalayan terang gamblang. Makaten dhawuhipun: "Tumrap para kang ora merangi sira karana agaminira sarta ora nundhung sira saka padunungira, Allah ora nglarangi sira yèn sira agawé becik lan atindak jejeg marang dhèwèké; sayekti Allah iku remen marang wong kang atindak jejeg. Mung Allah iku anglarangi sira mimitran karo para kang merangi sira karana agaminira sarta nundhung sira saka padununganira apa déné para kang ambantu nundhung sira; lan sapa sing mimitran karo dhèwèké, lah yaiku wong kang atindak dudu." Tembung *auliya'* ingkang kula tegesi *pawong mitra* ing ngriki, punika *jama'*-ipun tembung *walî*, ingkang manawi kapendet saking tegesipun ingkang asli: *nguwaosi* utawi *mengku* utawi *ngawat-awati ing satunggaling barang.* Awit saking punika tembung wau lajeng ateges *tiyang ingkang tinanggenah mengkoni barang* utawi *prakawising ngasanès,* tuwin ateges *tiyang ingkang mengkoni barang* utawi *ngopèni laré yatim* sarta ateges *tiyang ingkang mengkoni èstri* ingkang badhé dipun émah-émahaken. Tembung wau ugi ateges *titiyang ingkang maris* utawi *dados ahli warisipun tiyang ingkang tilar donya* (LL). Miturut Rgh,

olèh (pangreksa) saka ing Allah
Ar. *kajaba* sathithik-thithika *ananging* padha
jaga-jagaa saka piala(-né), kalawan
jaga-jaga kang temenan;[408] lan
Allah amedèkaké sira marang
(wawales saka) panjenengané;[408A]
lan marang Allah pantoging paran.

مِنَ اللّٰهِ فِيْ شَيْءٍ اِلَّآ اَنْ تَتَّقُوْا مِنْهُمْ تُقٰىةً ۗ وَيُحَذِّرُكُمُ اللّٰهُ نَفْسَهٗ ۗ وَاِلَى اللّٰهِ الْمَصِيْرُ ﴿٢٧﴾

28 Calathua: Sira sidhema ba-
Ar. *dhadha-dhadhanira* rang kang ana ing sajroning *ati-
atinira*, utawa sira wedharna, iku
Allah anguningani, lan Panjene-
ngané iku anguningani sabarang
kang ana ing langit-langit lan
sabarang kang ana ing bumi, lan
Allah iku marang samubarang
kawasa.

قُلْ اِنْ تُخْفُوْا مَا فِيْ صُدُوْرِكُمْ اَوْ تُبْدُوْهُ يَعْلَمْهُ اللّٰهُ ۗ وَيَعْلَمُ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٢٨﴾

29 Ing dina, kang sakèhing jiwa
padha katemu karo sabarang
kabecikan kang wis dilakoni sarta
sabarang piala kang wis dilakoni,
pepakan, pangarep-arep (piala iku)
adoha saka dhèwèké let lakon
lawas; lan Allah amedèkaké sira
marang (wawales saka) Panje-
a. 408A nengané;[a] lan Allah iku lubèr
wilasané marang para kawula.

يَوْمَ تَجِدُ كُلُّ نَفْسٍ مَّا عَمِلَتْ مِنْ خَيْرٍ مُّحْضَرًا ۛ وَّمَا عَمِلَتْ مِنْ سُوْٓءٍ ۛ تَوَدُّ لَوْ اَنَّ بَيْنَهَا وَبَيْنَهٗٓ اَمَدًا ۢ بَعِيْدًا ۗ وَيُحَذِّرُكُمُ اللّٰهُ نَفْسَهٗ ۗ وَاللّٰهُ رَءُوْفٌ ۢ بِالْعِبَادِ ﴿٢٩﴾

RUKU' 4

Para warganing Kulawangsa pipilihan ingkang wekasan

30, 31. Kados pundi sagedipun sinihan ing Allah. 32, 33. Pamilihipun Allah dhateng kulawangsa Ibrahim tuwin 'Imrân. 34-40. Warganing kulawangsa 'Imrân ingkang wekasan.

---

tembung wau kanggé nedahaken anggènipun kacelak, sami ugi punapa kacelak tumraping panggènan, sasambetanipun krabat, agaminipun, mimitranipun, pitulungipun tuwin pangandelipun lan sasaminipun, awit saking punika tembung wau mengku sawarnining sasambetan ingkang celak. Tiyang ugi kénging kawastanan *waliyullah,* kalayan mengku teges kacelak ing Allah utawi mimitranipun Allah, dados sajakipun tembung wau mengku teges rapet sasambetanipun ngantos satunggal lan satunggalipun pitados-pinitados menggah ing kawigatosanipun.

408. Punika ukara énggal. Tegesipun tembung *illâ* ingkang kados makaten, inggih punika manawi tembung wau dipun anggé kanggé nedahaken dhawuh énggal, ingkang boten sasambetan kaliyan dhawuh ingkang kasebut rumiyin, sampun katerangaken wonten ing katrangan angka 58. Dhawuh punika kénging kasuraos makaten: *Aja padha nganggep dhèwèké dadi kang ngayomi marang kaperluwanira, balik sira padha rumeksa awakira dhéwé lumawan dhèwèké.*

408A. TA negesi tembung *nafs* ing ngriki *'uqûbah,* inggih punika wawales. Nyata, maringaken wawalesing piawon punika sifatipun Pangéran. Utawi ateges: Allah maringi pepéling marang sira aja pisan sira padha ambaléla marang Panjenengané.

30 Calathua: Manawa kowé padha tresna ing Allah, lah padha manuta aku, Allah bakal tresna marang kowé[409] sarta angapura marang kowé ing kaluputanmu; lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

قُلْ إِنْ كُنْتُمْ تُحِبُّونَ اللّٰهَ فَاتَّبِعُونِي يُحْبِبْكُمُ اللّٰهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ ۗ وَاللّٰهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٣٠﴾

31 Calathua: Padha ambangun-turuta ing Allah sarta Utusan; déné manawa kowé padha mléngos, lah sayekti Allah iku ora remen marang para wong kafir.

قُلْ أَطِيعُوا اللّٰهَ وَالرَّسُولَ ۚ فَإِنْ تَوَلَّوْا فَإِنَّ اللّٰهَ لَا يُحِبُّ الْكٰفِرِينَ ﴿٣١﴾

32 Sayekti Allah amilih Adam sarta Nuh tuwin kulawangsa Ibrahim apa déné kulawangsa ‘Imran, angungkuli sakèhing umat,[410]

إِنَّ اللّٰهَ اصْطَفٰىٓ اٰدَمَ وَنُوحًا وَّاٰلَ إِبْرٰهِيمَ وَاٰلَ عِمْرٰنَ عَلَى الْعٰلَمِينَ ۙ ﴿٣٢﴾

33 Trah kang sawiji saka sawenèhé; lan Allah iku Amiyarsa, Angudanèni.[411]

ذُرِّيَّةً ۢ بَعْضُهَا مِنْۢ بَعْضٍ ۗ وَاللّٰهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ۚ ﴿٣٣﴾

34 Ing nalika sawijining wong wadon ‘Imran[412] munjuk: Pangé-ran kawula, saèstu kawula apunagi

إِذْ قَالَتِ امْرَأَتُ عِمْرٰنَ رَبِّ إِنِّيْ نَذَرْتُ

409. Miturut agami Islam tresna ing Allah punika sedyaning gesang ingkang ageng piyambak. Kula aturi mirsani Yuhanan 14: 15, 16: “Manawa kowé atresna marang aku, padha tetepana papakonku, Nuli aku bakal nyuwun marang Sang Rama, temahan kowé padha diparingi Juru-pirembag liyané, supaya iku nunggala karo kowé salawas-lawasé;” lan Yuhanan 15: 10 “Manawa kowé netepi ing papakonku, masthi padha lulus ana ing jeroning sihku.” Juru-pirembag punika sampun rawuh, inggih punika Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. awit saking punika para Yahudi tuwin para Nasrani kedahipun sami andhèrèk panjenenganipun. Ing panggènan sanès (5: 18) kasebutaken bilih para Yahudi tuwin para Nasrani sami mastani awakipun piyambak “putraning Allah sarta kakasih-É. Lah ing ngriki para titiyang wau sami kadhawuhan, bilih ngemungaken sarana andhèrèk Kanjeng Nabi kémawon, sagedipun piyambakipun dados kakasihing Allah.

410. *‘Imrân* ing Quran Suci punika sami kaliyan *Amran* ing Bébel. Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Harun punika sami tedhak turunipun Amran. Kanjeng Nabi Musa ingkang anjumenengaken angger-angger Israil (saréngat Yahudi), Kanjeng Nabi Harun ingkang mangagengi kapandhitan Israil. Kanjeng Nabi Yahya lan Kajeng Nabi ‘Isa punika wekasanipun kulawangsa punika, luhuripun kasebutaken langkung rumiyin wonten ing ngriki, inggih punika Kanjeng Nabi Zakaria tuwin Siti Maryam.

411. Kanjeng Nabi Nuh punika turunanipun Kanjeng Nabi Adam, Kanjeng Nabi Ibarahim turunipun Kanjeng Nabi Nuh, déné Imran tuwin putra wayahipun, punika tedhakipun dharah Ibrahim, sanès kulawangsa sanès. Déné sababipun mila kasebutaken piyambak-piyambak punika wonten warni kalih: (1) Turunipun ‘Imran ingkang tumuli punika dados pandhirinipun angger-angger ageng ing antawisipun titiyang Israil, sarta menggah ing sajatos-sajatosipun, bangsa Bani Israil lahir ingkang kaping kalih, punika inggih lantaran Panjenenganipun punika; (2) ugi lantaran tedhak turunipun ‘Imran, inggih punika Kanjeng Nabi Yahya tuwin Kanjeng Nabi ‘Isa, saréngat Musa winekasan.

412. *Imra’at* punika tegesipun *tiyang èstri* sarta ugi ateges *sémah,* anggèn kula negesi

ing Tuwan, punapa ingkang wonten salebeting kandhutan kawula punika kawula pasrahaken (alaladosa ing Tuwan); milanipun mugi Tuwan anembadani ing kawula; saèstu Tuwan punika Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni.

لَكَ مَا فِي بَطْنِي مُحَرَّرًا فَتَقَبَّلْ مِنِّي ۚ إِنَّكَ أَنتَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ۝

35 Mulané, bareng wus anglairaké anak, munjuk: Pangéran kawula, saèstu kawula sampun anglairaken anak èstri – lan Allah iku luwih Ngudanèni apa sing dilairaké[413] – kaliyan, tiyang jaler

فَلَمَّا وَضَعَتْهَا قَالَتْ رَبِّ إِنِّي وَضَعْتُهَا أُنثَىٰ وَاللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا وَضَعَتْ وَلَيْسَ

---

sawijining wong wadon ‘Imran. Dipun èngetana, bilih namaning luluhur ingkang ageng piyambak, punika asring dipun anggé namakaken bangsa ingkang tuwuh saking piyambakipun. Kadosta Kedar, punika kanggé namakaken bangsa trah Isma’il, Israil kanggé namakaken bangsa trah Israil. Dados tembung wau dipun tegesi *tiyang èstri saking pancer ‘Imran,* punika cocog sanget kaliyan ingkang sampun kadhawuhaken ing ayat ingkang sampun nerangaken kapilihipun turun ‘Imran. Pratélan gerban wau lajeng dipun sambeti kalayan katrangan princèn ingkang magepokan kaliyan salah satunggaling turunipun Amran utawi ‘Imran, makaten ugi pilihan ingkang angka kalih, ingkang kacariyosaken ing ngriki, punika ugi magepokan kaliyan salah satunggaling turun ‘Imran, inggih punika Kanjeng Nabi Yahya, awit panjenenganipun punika ugi kagolong “trahing pandhita, sami ugi aluran saking ingkang rama, utawi saking ingkang Ibu” (*Bib Dic.,* Cambridge University Press). Seserepan kula sami ing bab luluhuripun Siti Maryam sakedhik sanget, éwadéné anggènipun Siti Maryam muhung lalados ing Padaleman Suci wiwit yuswa tigang taun ngantos dumugi yuswa kalih welas taun (inggih punika miturut cariyos gethok-tular bab panjenenganipun ingkang namung satunggal thil), punika kénging kanggé titikan bilih panjenenganipun punika kagolong dhateng golongan pandhita. Lah inggih awit punika déné ing panggènan sanès panjenenganipun punika kasebut *sadhulur wadon Harun,* boten sadhèrèkipun èstri Kanjeng Nabi Musa, jalaran kapandhitan punika wewenang ingkang mligi tumrap para turunipun Kanjeng Nabi Harun. Ing dalem basa-basa Sématic, tembung *ab* (bapa), *umm* (biyung), *akh* (sadhèrèk jaler), *ukht* (sadhèrèk èstri) punika kanggènipun sakalangkung jembar, boten kedah mengku teges biyungipun saèstu, bapakipun saèstu, sadhèrèkipun jaler saèstu, tuwin sadhèrèkipun èstri saèstu. Kados Kanjeng Nabi naté ngandikakaken bilih sariranipun punika: *panyuwuné ramaku Ibrahim.* Kanjeng Nabi ‘Isa ugi kasebut “putrané Dawud.” Salajengipun tembung (sadhuluré wadon Harun) ing 19: 28, punika nedahaken kalayan terang bilih ingkang dipun karsakaken ing kalih panggènan wau sadaya para luluhuripun ing kina. Kula aturi mirsani katrangan angka 1542. Wonten ingkang nyuraos: Quran ngagem asmaning luluhuripun kanggé nebut sawenèhing titiyang, punika nedahaken bilih Quran Suci punika nyampur bawur lalampahan-lalampahan, ingkang leresipun kelampahan-kelampahan béda-béda wekdalipun (*anachronisme*). Kadosta Maryam sadhèrèkipun èstri Kanjeng Nabi Musa dipun anggep nunggil tiyang kaliyan Maryam Ibunipun Kanjeng Nabi Isa, mila Maryam ingkang Ibu Kanjeng Nabi Isa lajeng winastan sadhèrèkipun èstri Kanjeng Nabi Harun, ‘Imran dipun wastani ramanipun. Nanging panyuraos ingkang makaten punika tétéla lepat sanget. Boten wonten titiyang ingkang kados mastani makaten wau dhateng Kitab Quran kajawi titiyang ingkang pancèn sampun peteng paningalipun dhateng raos panggething. Kathah sanget dhawuh-dhawuhipun Quran Suci ingkang mangandikakaken Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi ‘Isa kadi déné nabi kakalih ingkang sugengipun sampun let pinten-pinten turunan.

413. Dhawuh ingkang mungel: *lan Allah iku luwih ngudanèni apa sing dilahiraké,* punika ukara seselan (*parenthetical*). Ingkang Ibu Siti Maryam sampun apunagi, bilih jabang bayi ingkang badhé kalahiraken punika badhé dipun lilakaken muhung lalados ing Padaleman Suci, nanging laré èstri mesthi kémawon boten saged nindakaken padamelaning pandhita.

الذَّكَرُ كَالْأُنْثَىٰ ۚ وَإِنِّي سَمَّيْتُهَا مَرْيَمَ
وَإِنِّي أُعِيذُهَا بِكَ وَذُرِّيَّتَهَا مِنَ
الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ ٣٥

punika boten kados tiyang èstri, saha punika kula namakaken Maryam, punapa déné dalah turunipun kawula suwunaken pangayoman ing Tuwan saking sétan ingkang binendon.[414]

فَتَقَبَّلَهَا رَبُّهَا بِقَبُولٍ حَسَنٍ وَأَنْبَتَهَا
نَبَاتًا حَسَنًا وَكَفَّلَهَا زَكَرِيَّا ۖ كُلَّمَا دَخَلَ
عَلَيْهَا زَكَرِيَّا الْمِحْرَابَ وَجَدَ عِنْدَهَا رِزْقًا ۖ
قَالَ يَا مَرْيَمُ أَنَّىٰ لَكِ هَٰذَا ۖ قَالَتْ هُوَ
مِنْ عِنْدِ اللَّهِ ۖ إِنَّ اللَّهَ يَرْزُقُ مَنْ
يَشَاءُ بِغَيْرِ حِسَابٍ ٣٦

36 Mulané disembadani déning Pangérané kalawan kasembadan kang becik, sarta diwalagangaké kalawan walagang kang becik sarta dikon ngopèni Zakariya; saben-saben Zakariya lumebu marang pangimaman *aniliki* dhèwèké, tinemu ing sandhingé ana *panganané*. Calathuné: É Maryam, iki olèhmu saka ngendi? Wangsulané: Punika saking ngarsanipun Allah; sayekti Allah amaringi sapa kang dadi kapareng-É, tanpa taker.[415]

Ar. *marang*
Ar. *rejeki*

414. *Rajîm* punika asal saking tembung *rajm*, jawinipun *ambalang* utawi *nyawataken séla*, sarta ugi ateges *ngungel-ungelaken*, *ambendoni*, *ngakèn késah*, *nundhung*, *medhot mimitran*. Awit saking punika mila tembung wau lajeng ateges: *binendon* utawi *tinundhung saking ngarsaning Pangéran.* Inggih ateges punika ingkang kawengku ing ngriki, sarta punika sampun terang, tandhanipun ing 38: 78 nyebutaken bilih Sétan kapangandikan makaten: "Lan sayekti *wewelak* (*bendu-)*Ingsun anibani sira nganti tumeka ing dina pancasan." Tegesipun tembung *rajîm,* satunggalipun, inggih punika: *binenturan ing séla*, tumrap ing ngriki boten mantuk.

Pantes pinèngetan bilih nalika ingkang ibu Siti Maryam andongakakaken Siti Maryam, mawi andongakakaken punapa turunipun Siti Maryam. Ingkang makaten punika nedahaken bilih nalika ingkang ibu wau nglilakaken Siti Maryam muhung lalados ing Masjid Suci, panjenenganipun boten naté kagungan panggalih bilih Siti Maryam badhé tetep *kenya* ing salaminipun sugeng. Kosokwangsulipun panjenenganipun kagungan pangajeng-ajeng Siti Maryam badhé gagarwa lan badhé puputra.

415. Atur wangsulanipun Siti Maryam dhateng pandangunipun Kanjeng Nabi Zakariya saking pundi angsalipun barang-barang, punika asring dipun anggé dhadhasaring dodongèngan, ingkang babar pisan boten adhadhasar dhawuhing Qur'an Suci utawi hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang kénging pinitados. Cacak sok tiyanga ingkang bekti ing Pangéran mesthi suka wangsulan kados atur wangsulipun Siti Maryam wau, inggih punika saking Allah anggènipun angsal rejeki, awit para ingkang bekti punika ageng kumandelipun bilih Allah punika ingkang angopèni sadaya makhluk, awit saking punika sadaya rejeki mesthi saking Panjenenganipun asalipun. Quran Suci piyambak andhawuhaken makaten: "Lan ora ana sawijining barang baé kang gedhong pasimpenané ora *ana ing Ingsun,* sarta iku ora Ingsun turunaké kajaba kalawan pamurwat kang wus kinawruhan" (15: 21). Lah ing ngriku ugi ngagem tembung *'inda* sarta ayat wau nerangaken bilih pasimpenan sadaya barang punika wonten ing ngarsanipun Allah, malah ugi kadhawuhan pisan bilih sadaya barang wau Allah ingkang anurunaken. Dados wangsulan wau boten wonten punapa-punapanipun ingkang nyebal saking pangadatan. Siti Maryam, rèhning lalados wonten ing Masjid Suci, mesthi kémawon dipun pisungsung déning para ingkang sami ngibadah mriku, sarta rèhning alantaran nugrahaning Pangéran déné panjenenganipun angsal pisungsung wau, mila panjenenganipun ngandika bilih Allah ingkang maringi barang-barang punika sadaya. saboten-botenipun wonten mufassir satunggal ingkang gadhah paham kados makaten punika (Rz).

37 Ing kono Zakariya nyunyuwun marang Pangérané, unjuké: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing kawula saking ngarsa Tuwan turun ingkang saé; saèstu Tuwan punika Ingkang Midhangetaken panyuwun.[416]

هُنَالِكَ دَعَا زَكَرِيَّا رَبَّهُ ۚ قَالَ رَبِّ هَبْ لِي مِن لَّدُنكَ ذُرِّيَّةً طَيِّبَةً ۖ إِنَّكَ سَمِيعُ الدُّعَاءِ ﴿٣٧﴾

38 Tumuli para malaikat anguwuh dhèwèké, kang lagi ngadeg salat ing pangimaman: (Weruha), yèn Allah amaringi warta becik
Ar. *kalawan* marang sira, *yaiku* Yahya,[417] minangka kayektèné sabda saka Allah,[418] sarta wirya tuwin susila ing krama, tuwin nabi golongané para wong utama.

فَنَادَتْهُ الْمَلَائِكَةُ وَهُوَ قَائِمٌ يُصَلِّي فِي الْمِحْرَابِ أَنَّ اللَّهَ يُبَشِّرُكَ بِيَحْيَىٰ مُصَدِّقًا بِكَلِمَةٍ مِّنَ اللَّهِ وَسَيِّدًا وَحَصُورًا وَنَبِيًّا مِّنَ الصَّالِحِينَ ﴿٣٨﴾

---

416. Bektinipun Siti Maryam, nadyan taksih timur, nuwuhaken kepéngin wonten ing panggalihipun Kanjeng Nabi Zakaria, gadhaha turun ingkang tulus kados makaten punika.

417. Tembung Arab *Yahyâ* punika tegesipun *gesang*, asli saking lingga *hayât*. Ing panggènan sanès Quran Suci nyebutaken panyuwunipun Kanjeng Nabi Zakaria makaten: *kawula kuwatos dhateng kulawarga kawula ing sapengker kawula*, déné ingkang dipun kuwatosaken wau, anggènipun sami murang yakti gesangipun. Dados teges ingkang sumimpen wonten ing asma *Yahyâ* punika: *panjenenganipun boten badhé séda ing dalem dosa,* kados déné krabatipun sanès-sanèsipun wau. Rgh ugi kados makaten wau anggènipun nerangaken, inggih punika: *Allah maringi panjenenganipun asma punika (Yahyâ), jalaran dosa boten badhé mahanani ing sédanipun.*

418. Janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Zakaria punika "sabda saka Allah"; déné mila Kanjeng Nabi Yahya sinebut: "minangka kayektèné sabda saka Allah" wau, jalaran wiyosipun punika dumunung anjangkepi wahananing piweca wau. Dados, *sabda saka Allah*, punika tegesipun: *janjining Pangéran*. Abu 'Ubaidah anggènipun nerangaken radi wonten saminipun kaliyan katerangan ingkang sampun kaaturaken wau, inggih punika merdéni tembung كلمة من الله : punika *kitab saka Allah*, jalaran "tembung انشد فلان كلمة ingkang walakanipun ateges: *si Fulan ngunèkaké tetembungan*, punika mengku kajeng badhé *mastani satunggaling kidung ingkang panjang*" (Rz). Quran piyambak boten naté ngagem tembung *kalimah* ingkang kalayan mengku tegesipun ingkang sakalangkung rupak, kados déné anggènipun ngugeri para ahli nahwu, inggih punika: *kalimah iku tembung kang dèn gandhèng-gandhèng kang anduwèni teges.* Kosokwangsulipun Quran asring sanget ngagem tembung wau kalayan mengku teges: janji utawi piweca, kadosta ing dalem dhawuh: "Ora ana owah-owahé tumrap *sabdaning Allah*," utawi ing dhawuh: "Lan ora ana kang angowahi marang *sabdaning Allah*" (6: 34) utawi ing dalem dhawuh: "Lan wis kalakon *sabdaning* Pangéranira kalawan nyata lan adil; ora ana kang bisa angowahi marang *sabda-Né*" (6: 116). Lah ing dalem ayat-ayat wau, miturut suraosing dhawuh, tembung *kalimah* ateges janjining Pangéran. Tuladha sanèsipun malih, kasebut ing 18: 27 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun.

Salah satunggaling tegesipun tembung *kalimah* ingkang kagem wonten ing dalem Quran Suci, inggih punika: *titahipun* Pangéran. Kadosta ing 18: 109: "Calathua: Saumpama sagara iku minangka mangsi tumrap sabdaning Pangéranku, amesthi entèk sagara iku ing sadurungé entèk sabdaning Pangéranku, sanajan ta Ingsun anekakna samono manèh minangka wuwuhan." Dhawuh saminipun ingkang kados makaten punika kasebut ugi wonten ing 31: 27, sarta ing kalih-kalihipun panggènan wau *sabdaning* Pangéran punika ateges: *titah-Ipun.*

Ut. *kados pundi*

39 Unjuké: Pangéran kawula! *Bénjing punapa*[419] anggèn kawula badhé kaparingan anak, lan saèstu kawula sampun dumugi umur sepuh sarta tiyang èstri kawula gabug? Panjenengané angandika: Kaya mangkono iku, Allah iku anindakaké apa sing dadi kapareng-É.

قَالَ رَبِّ أَنَّىٰ يَكُونُ لِي غُلَامٌ وَقَدْ بَلَغَنِيَ الْكِبَرُ وَامْرَأَتِي عَاقِرٌ ۖ قَالَ كَذَٰلِكَ اللَّهُ يَفْعَلُ مَا يَشَاءُ ﴿٣٩﴾

40 Unjuké: Pangéran kawula! Mugi Tuwan anetepaken tandha yekti tumrap dhateng kawula. Pangandikané: tandha yektinira, lah aja sira calathu marang manusa telung dina kajaba kalawan sasmita[420] sarta diakèh élingira marang Pangéranira tuwin mangastutia (ing Panjenengané) ing wayah soré lan ésuk.

قَالَ رَبِّ اجْعَل لِّي آيَةً ۖ قَالَ آيَتُكَ أَلَّا تُكَلِّمَ النَّاسَ ثَلَاثَةَ أَيَّامٍ إِلَّا رَمْزًا ۗ وَاذْكُر رَّبَّكَ كَثِيرًا وَسَبِّحْ بِالْعَشِيِّ وَالْإِبْكَارِ ﴿٤٠﴾

Kajawi ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, manawi kacundhukaken kaliyan dhawuh ing 66: 12, saya cetha bilih tembung *kalimah* ing ayat punika sarta ing ayat 44 tuwin ing 4: 171 punika ateges *piweca*, jalaran ing 66: 12 wau, inggih punika nalika mangandikakaken Siti Maryam, Quran Suci ngandika makaten: "Sarta dhèwèké ambeneraké marang sabdaning Pangérané lan kitab-kitab-É, tuwin dhèwèké dadi golongané para kang padha mituhu." Boten prabéda lan wiyosipun Kanjeng Nabi Yahya punika minangka kayektèning sabda saka *Allah*, makaten ugi Siti Maryam, punika inggih minangka kayektèning *sabdaning Pangérané*. "Sabdaning Pangérané" ingkang tumrap Siti Maryam, punika boten ateges *Kanjeng Nabi 'Isa*, lah makaten ugi ingkang tumrap Kanjeng Nabi Yahya, inggih boten ateges *Kanjeng Nabi 'Isa*. Awit saking punika pamanggihipun para mufassirin ingkang mastani ateges Kanjeng Nabi 'Isa, punika kedah katulak kalayan awawaton pasaksèn ingkang cetha saka Quran Suci piyambak. Tembung *kalimât* ing 66: 12 namung saged dipun tegesi: *sabda-sabda piwecaning Pangérané*, inggih punika ilhaming Pangéran ingkang katampi déning Siti Maryam, ingkang martosaken badhé miyosipun Masih.

Rgh ngunculaken teges warni kalih, inggih punika, *kalimah* ing ngriki punika ateges: *kalimâtu-t-tauhîd* (wedharing Mahatunggalipun Pangéran) utawi ateges: *Kitabipun Allah*. Teges ingkang angka kalih punika cocog kaliyan anggènipun negesi Abu 'Ubaidah kasebut ing ngajeng.

419. Kanjeng Nabi Zakaria boten teka boten pitados; déné panyuwunipun pirsa wau namung medharaken ngunguning panggalihipun, bénjing punapa anggènipun badhé kagungan putra, jalaran panjenenganipun ngantos sampun sepuh sanget yuswanipun boten kagungan turun.

420. Quran boten mangandikakaken bilih Kanjeng Nabi Zakaria dados bisu. Miturut Quran panjenenganipun namung dipun dhawuhi supados boten ngandikakaken kaliyan tiyang ing salebetipun tigang dinten. Nanging ing salebetipun tigang dinten wau, panjenenganipun kadhawuhan ngathah-athahaken émut ing Allah; panjenenganipun mesthi boten saged tumindak makaten manawi panjenenganipun bisu. Miturut Rz, punika kateranganipun dhawuh Quran ingkang leres piyambak. Bébel nyariyosaken Kanjeng Nabi Zakaria bisu terus-terusan wiwit wekdal anggènipun kadhawuhaken bilih badhé kaparingan putra, ngantos dumugi kelampahanipun saèstu jabang bayi lahir, sarta ingkang makaten punika namung margi saking anggènipun munjuk pitakèn dhateng Pangéran, ingkang nadyan upamia unjukipun wau mengku raos boten ngandel, meksa taksih nama lumayan manawi katimbang kaliyan unjuk pitakènipun Siti Maryam. Kula aturi nanding Lukas 1: 20 kaliyan 1: 34.

RUKU’ 5

Miyosipun Kanjeng Nabi ‘Isa sarta pakaryanipun

41-43. Maryam pinilih. 44-47. Dhatenging pawartos badhé miyosipun putranipun kakung. 48-50. Kanjeng Nabi ‘Isa mumulang dhateng bangsanipun. 51-52. Para sahabatipun. 53. Rékadaya badhé nyédani Kanjeng Nabi ‘Isa tuwin cabaripun.

41 Nalika para malaikat ngandika: É, Maryam! Sayekti Allah amilih ing sira lan anucèkaké sira apa déné amilih ing sira angungkuli para wadon ing jagad.

وَإِذْ قَالَتِ الْمَلٰٓئِكَةُ يٰمَرْيَمُ إِنَّ اللّٰهَ اصْطَفٰكِ وَطَهَّرَكِ وَاصْطَفٰكِ عَلٰى نِسَآءِ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٤١﴾

42 O, Maryam! diambangun turut marang Pangéranira, lan sujuda sarta rukuka karo para kang padha rukuk.

يٰمَرْيَمُ اقْنُتِيْ لِرَبِّكِ وَاسْجُدِيْ وَارْكَعِيْ مَعَ الرّٰكِعِيْنَ ﴿٤٢﴾

43 Iki kalebu pawarta prakara gaib[421] kang Ingsun wedharaké marang sira; lan sira ora angèstrèni nalikané (wong) padha anguncalaké qalamé (kanggo mutusi) sapa wong-wong iku sing dikon ngopèni Maryam, lan sira iya ora angèstrèni nalikané dhèwèké padha grejegan.[422]

ذٰلِكَ مِنْ أَنْۢبَآءِ الْغَيْبِ نُوْحِيْهِ إِلَيْكَ ۚ وَمَا كُنْتَ لَدَيْهِمْ إِذْ يُلْقُوْنَ أَقْلَامَهُمْ أَيُّهُمْ يَكْفُلُ مَرْيَمَ ۖ وَمَا كُنْتَ لَدَيْهِمْ إِذْ يَخْتَصِمُوْنَ ﴿٤٣﴾

421. Ingkang dipun karsakaken “prakara gaib” punika sanès lalampahanipun para nabi ingkang sampun-sampun, awit saèstu kirang mungguh manawi punika winastan gaib. Déné menggah ing sajatos-jatosipun, ingkang dipun karsakaken “prakara gaib” punika sawenèh lalampahan ingkang taksih badhé kelampahan, inggih punika kalayan terang kasasmitakaken wonten ing dalem cariyos kapilihipun Siti Maryam.

422. Para mufassirin sami gadhah pamanggih bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika para pandhita; pamanggihipun: para pandhita wau sami rebatan anggulawenthah Siti Maryam, wasana lajeng kaundhi, Kanjeng Nabi Zakariya ingkang angsal. Nanging sumangga kacocogna kaliyan 38: 69: “Aku ora duwé ngèlmuné bab para pinituwa kang minulya nalika padha grejegan,” ing ngriku kapangandikakaken para malaikat sami grejegan nalika amiji Kanjeng Nabi; sarta ugi kacocogaken kaliyan dhawuh ing 2: 30, ingkang mangandikakaken nalika kapilihipun Adam, ing ngriku kapangandikakaken ing nalika punika para malaikat inggih sami grejegan. Mesthi kémawon punika grejegan ngibarat, boten walaka, nanging ayat kakalihipun wau sami anedahaken kalayan cetha, bilih grejegan ingkang kapangandikakaken ing ayat ngriki, ing nalika wekdal miyosipun satunggaling nabi, punika sami kémawon suraosipun. Kedah dipun pèngeti bilih ayat-ayat nginggilipun tuwin ayat-ayat candhakipun babar pisan boten wonten ingkang nyebutaken Kanjeng Nabi Zakariya utawi para pandhita, wangsul ayat-ayat wau mangandikakaken para malaikat anggènipun maringaken dhawuh Siti Maryam. Awit saking punika, *dlamir* ing tengah-tengahing ayat, punika saged ugi wangsul dhateng

44 Nalika para malaikat angandika: O, Maryam! sayekti Allah amaringi bubungah marang sira kalawan sabda saka Panjenengané,[423] (wong) arané Al-Masih, 'Isa putraning Maryam,[424] mulya ing

إِذْ قَالَتِ الْمَلٰٓئِكَةُ يٰمَرْيَمُ إِنَّ اللّٰهَ يُبَشِّرُكِ بِكَلِمَةٍ مِّنْهُ اسْمُهُ الْمَسِيحُ عِيسَى ابْنُ مَرْيَمَ وَجِيهًا فِي الدُّنْيَا

para malaikat, boten wangsul dhateng para pandhita, ingkang babar pisan boten kasebutaken. *Kalam* punika cundhukipun kaliyan pepesthèning manusa, jalaran pepesthèn punika dipun ngibarataken "sampun kaserat." Kula aturi mirsani ungel-ungelan ingkang kapethik wonten ing TA makaten: سبق القضاء وجفت الاقلام jawinipun: *pepestèn wus tumiba lan kalam wis garing.* Ibnu Sayyidah ngandikakaken bilih anggènipun Kitab Quran ngagem tembung wau nyalènèh sarta "kula boten mangertos lèrègipun" (TA).

423. Ukara ingkang mungel ان الله يبشرك بكلمة منه punika kénging dipun tegesi: *sayekti Allah amaringi warta bubungah marang sira kalawan saka Panjenengané* utawi*: sayekti Allah amaringi bubungah marang sira yaiku sabda saka Panjenengané.* Nanging rèhning tembung *kalimah* punika ateges: *sabda utawi weca,* lan malih ing rèhning dlamir *ingkang sumambung wonten ing tembung ismuhu* punika *mudhakkar* (*manneliyk*), mangka kalimah punika *mu'annats,* kedahipun mawi *dlamir ha,* milanipun ingkang dipun anggé teges ingkang angka satunggal wau. Pawartos bibingah wau anggènipun kaparingaken *alantaran sarana* sabda ingkang isi piweca saking Pangéran. Kula aturi mriksani 15: 54, 55, wonten ing ngriku pamundhutipun priksa Kanjeng Nabi Ibrahim فبم تبشرون ingkang jawinipun "Lah lajeng ing bab punapa pawartos bibingah ingkang ijengandika paringaken dhateng kula?" punika kawangsulan: قالوا بشرناك بالحق ingkang jawinipun: "Padha calathu: Kula suka wartos bibingah dhateng ijengandika punika kalayan yakti." Ing ngriku, boten prabéda lan ayat ingkang saweg karembag punika, lésanipun (barang ingkang badhé dipun paringaken) sampun genah, sampun kasumerepan, dados dhawuh wau mengku teges: *Kula suka wartos bibingah dhateng ijengandika* (inggih punika putra kakung) *kalayan yakti.* Dhawuh warni kalih punika sami, nunggil laras, lan manawi dhawuh ingkang angka kalih punika boten saged dipun tegesi kajawi *Kula suka wartos bibingah dhateng ijengandika (inggih punika putra kakung*) *kalayan yakti,* dhawuh ingkang angka satunggal wau inggih makaten ugi, mengku teges: *Allah amaringi warta bubungah marang sira* (*yaiku anak lanang*) *kalawan sabda saka Panjenengané.* Katrangan ingkang langkung panjang punapa tegesipun *kalimah* punika, kula aturi mirsani katerangan 418 tuwin 2525. Satengah saking anggènipun negesi Rz, nadyan tembung *kalimah* punika dipun tegesana pisan Kanjeng Nabi 'Isa, punika lèrègipun meksa inggih taksih nunggil kaliyan ingkang sampun kula aturaken ing nginggil wau, jalaran ing ngriku: *kalimah* ugi ateges *basyârat,* jawinipun *pawartos bibingah.* Nalika nafsiri ayat 38 Rz ngandika "Pawartos (badhé miyosipun Kanjeng Nabi 'Isa) punika sampun kawecakaken wonten ing kitab-kitabipun para nabi sadèrèngipun, milanipun sareng panjenenganipun rawuh saèstu, katembungaken: *Lah iki sabda piweca kaé,* dados miturut katerangan punika, panjenenganipun mawi maringi tuladha tetembungan kados déné tetembungan: جاء قولى tuwin جاء كلامى ingkang walakanipun ateges: "wus teka pangucapku" utawi "wus teka gunemku." Tetembungan wau anggènipun kaucapaken manawi barang ingkang dipun pethèk sadèrèngipun kelampahan saèstu, dados tegesipun ingkang saèstu *apa kang dak kandakaké* utawi *dak ucapaké, kelakon temenan*. Katerangan punika nedahaken bilih tembung kalimah punika menggah ing sajatos-jatosipun kagem nembungaken *piweca,* ingkang wahananipun punika sampun kelampahan saèstu. Awit saking punika, kados sampun leres manawi ing ngriki dipun tegesi *sabda piweca.*

Sawenèh saking anggènipun negesi Rgh, Kanjeng Nabi 'Isa ing ngriki kasebut *kalimah,* punika sami raosipun kaliyan Kanjeng Nabi sinebut *dhikr* (jiwanipun *pèpènget*) ing 65: 10.

424. Asma warni tiga ingkang kaparingaken dhateng sang timur, inggih punika *Al-Masîh, 'Isa,* tuwin *Ibnu Maryam.* Ingkang angka satunggal wau langkung mungguh winastan sesebutan katimbang

donya lan akhirat sarta kagolong wong kang padha kaparek (ing Allah):[425]	وَالْاٰخِرَةِ وَمِنَ الْمُقَرَّبِيْنَ ﴿٤٤﴾
45 Lan bakal acalathu marang manusa, ing bandhulan lan ing wayah tuwa, sarta (bakal) kagolong para wong tulus.[426]	وَيُكَلِّمُ النَّاسَ فِي الْمَهْدِ وَكَهْلًا وَّمِنَ الصّٰلِحِيْنَ ﴿٤٥﴾

asma, margi mawi karaketan *al*. Déné tegesipun ingkang walaka *Masîh* punika *tiyang ingkang asring lalana* utawi *tiyang ingkang binalonyo ing barang sawarni lisah* (LL, Rgh, Rz tuwin sanès-sanèsipun). *Masih* punika sami kaliyan *Méssiah* ing basa Aramik, ingkang criyosipun ateges: *ingkang jinebadan.* Déné sababipun Kanjeng Nabi ‘Isa kasebut *Masih* wau, kacariyos margi panjenenganipun *asring lalana* (Rz, Rgh), utawi margi *panjenenganipun jinebadan kalayan lisah suci ingkang binarkahan*, *ingkang sok kanggé anjebadi andika nabi* (Rz). Taksih wonten malih katerangan sanès-sanèsipun. Manawi katitik kautusipun Kanjeng Nabi ‘Isa punika namung kawatesan dhateng nagari-nagari ing tanah Siriyah sawetawis, teges ingkang sapisan nama boten pikantuk. Éwadéné teges wau teges ingkang dipun ajengi sanget déning para mufassirin tuwin para ahli basa, lah ingkang makaten punika saya angiyataken pasakasèn ingkang énggal mangké pinanggih, inggih punika ingkang anedahaken bilih ing sasampunipun nandhang sangsara wonten ing tanganipun titiyang Yahudi ing Siriyah, Kanjeng Nabi ‘Isa lajeng lalana dhateng tanah Wétan sarta mumulang dhateng pancer Israil sadasa ingkang sami ketriwal, ingkang sami dudunung ing Afganistan tuwin ing Kasymir. Kanjeng Nabi ‘Isa kaparingan sesebutan Masih, punika wigatos nyasmitakaken piweca-piweca bab rawuhipun juru wilujeng, ingkang saya cumeplos nalika wekasaning jaman pambucalan. Piweca-piweca ingkang langkung sepuh, kadosta ingkang kasebut ing pangandharing Taurat 18: 18, punika déning titiyang Yahudi boten naté dipun anggep mecakaken Masih, awit saking punika kalayan barès kurès Bib. Dic., Cam. Press, Art. “Méssiah” ngakeni bilih piweca-piweca “boten nabeti sanget-sanget wonten ing kapitadosanipun para titiyang Yahudi dhateng Masih kados panginten-inten kita.”

‘Isâ punika Arabipun *Yoshua* ing basa Ibrani, ing basa Yunani dados Yésus. Déné *Ibnu Maryam* anaké Maryam punika paparab ing basa Arab kawastanan *kunyah*. Wonten anèhipun déné Quran babar pisan boten nyebutaken garwanipun Siti Maryam. Ing bab prakawis punika sami plek kaliyan lalampahan miyosipun Kanjeng Nabi Musa, jalaran ing ngriku ingkang rama Kanjeng Nabi Musa ugi boten kocap babar pisan. Awit saking punika, dados manawi namung margi boten kasebutaken ramanipun, punika dèrèng kénging kanggé waton anetepaken bilih Kanjeng Nabi ‘Isa boten kagungan rama.

425. “Ingkang sami kaparek” punika boten mesthi para malaikat kémawon, kados déné pamanggihipun sawenèh tiyang. Kula aturi nyocogaken kaliyan 56: 7-11, ing ngriku nyebutaken golonganing manusa warni tiga, ingkang sagolongan golonganipun *tiyang ingkang sami kaparek,* tembungipun inggih sami kaliyan ingkang kagem ing ayat ngriki, inggih punika mawi tembung *muqarrabîn.* Dados ing ngriki punika Kanjeng Nabi ‘Isa kagolongaken kaliyan unusanipun para kawula ingkang tulus, saking éwonipun para sahabatipun Kanjeng Nabi.

426. Kedah dipun èngeti bilih ing dalem Quran Kanjeng Nabi Isa punika kasebutaken “kagolong wong kang padha kaparek,” “kagolong para wong tulus,” dados panjenenganipun namung kaanggep salah satunggaling nabi. Déné saged ngandika ing bandhulan tuwin ing wanci sepuh, punika boten saged dipun anggep pangéram-éram. Cacak laré ingkang saras lan boten bisu, wiwitan saged wicanten inggih nalika wonten ing bandhulan, sarta saged *ngandika ing wanci sepuh,* punika ugi nedahaken bilih “ngandika” punika ngandika kados salimrahing tiyang ingkang bagas-kasarasan tuwin gesang ngantos sepuh. Dados pawartos bibingah punika mengku kersa bilih putra ingkang kawecakaken wau badhé saras lan boten badhé séda timur. Miturut Rz, sababipun déné Kanjeng Nabi Isa kasebutaken ngandika nalika taksih timur tuwin nalika sampun wanci sepuh, punika *wigatos kanggé anedahaken éwah gingsiring kawontenanipun Kanjeng Nabi ‘Isa ingkang suwau timur lajeng dados sepuh, nanging Pangéran mukal yèn ta mawi éwah gingsir.*

Kahl, punika manawi miturut Rgh, *tiyang ingkang sampun mabluk uwanipun.* LL nerangaken awawaton Msb, TA, tuwin Mgh, tiyang punika *kahl* manawi sampun langkung saking *syâbb,* ingkang

Ut. *kados pundi*

46 Unjuké: Pangéran kawula! *Bénjing punapa* anggèn kawula badhé kaparingan anak, kalayan tiyang jaler boten anggrayang kawula.[427] Pangandikané: Kaya mangkono iku, Allah iku anitahaké apa kang dadi kapareng-É; manawa Panjenengané wus amutus sawijining prakara, iku banjur mung dipangandikaké: Anaa! Banjur ana.

قَالَتْ رَبِّ أَنَّىٰ يَكُونُ لِي وَلَدٌ وَلَمْ
يَمْسَسْنِي بَشَرٌ ۖ قَالَ كَذَٰلِكِ اللَّهُ يَخْلُقُ
مَا يَشَاءُ ۚ إِذَا قَضَىٰ أَمْرًا فَإِنَّمَا يَقُولُ
لَهُ كُن فَيَكُونُ ﴿٤٧﴾

47 Lan Panjenengané bakal mulang dhèwèké Kitab lan kawicaksanan sarta Taurèt tuwin Injil;

وَيُعَلِّمُهُ الْكِتَابَ وَالْحِكْمَةَ وَالتَّوْرَاةَ
وَالْإِنجِيلَ ﴿٤٨﴾

48 Lan (andadèkaké) utusan (dhèwèké) marang para turuning Israil: Temen anggonku tumeka marang sira kalawan tandha yekti saka Pangéranira: aku anggawèkaké kowé, bakalé lemah, kaya pepethaning manuk, banjur dak tiyub ing jeroné, tumuli dadi manuk kalawan kaparenging Allah,[428] lan aku amarasaké wong

وَرَسُولًا إِلَىٰ بَنِي إِسْرَائِيلَ أَنِّي قَدْ
جِئْتُكُم بِآيَةٍ مِّن رَّبِّكُمْ ۖ أَنِّي أَخْلُقُ
لَكُم مِّنَ الطِّينِ كَهَيْئَةِ الطَّيْرِ فَأَنفُخُ فِيهِ
فَيَكُونُ طَيْرًا بِإِذْنِ اللَّهِ ۖ وَأُبْرِئُ الْأَكْمَهَ

---

manawi kawatesan umur-umuripun, warni-warni anggènipun mastani wonten ingkang mastani 32, 40, tuwin 51 taun. LL wau negesi *kahl:* satengah sepuh, utawi *antawisipun umur-umuran wau kaliyan wanci nalika rambutipun wiwit uwanen*. Dados terang manawi miturut Quran Suci, Kanjeng Nabi ‘Isa punika boten séda nalika yuswa tigangdasa tiga taun, nanging sugeng ngantos yuswa sepuh.

Klèntu manawi winastan bilih anggènipun Kanjeng Nabi ‘Isa dumugi yuswa sepuh punika bénjing manawi rawuh ingkang kaping kalih, jalaran makaten punika sami kémawon kaliyan mastani panjenenganipun boten éwah gingsir ing salebetipun pinten-pinten èwu taun kados salimrahing manusa.

427. Laré èstri ingkang dèrèng émah-émah dipun wartosi manawi badhé nglahiraken jabang bayi punika mesthi mahanani laré èstri wau wicanten kados déné ingkang ing ngriki kawarna kaucapaken déning Siti Maryam. Nanging tetembungan ingkang makaten wau boten teka anedahaken bilih Siti Maryam badhé anggarbini kalayan sacara ingkang nyebal saking kodrat, jalaran sampun boten wonten semang-semangipun malih Siti Maryam inggih kagungan putra sanès-sanèsipun malih, ingkang boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang mastani bilih anggènipun anggarbini kalayan nyebal saking salimrahing kodrat. Makaten ugi dhawuh candhakipun inggih boten nélakaken punapa-punapa, kajawi namung mratélakaken bilih Siti Maryam mesthi badhé puputra, cocog kaliyan ungelipun piweca.

428. Manawi badhé mangertos saèstu tegesipun tetembungan punika, langkung rumiyin kedah angèngeti sifatipun ingkang baku pangandikanipun Kanjeng Nabi ‘Isa, inggih punika: panjenenganipun asring angandika kalayan mawi pasemon sarta panjenenganipun remen ngagem tetembungan gagambaran kanggé medharaken piwulangipun. Manawi punika tansah dipun èngeti, boten wonten angèlipun nerangaken tetembungan punika. Pratélanipun ingkang sapisan ayat punika mangandikakaken bab “damel peksi” lan niyup” punika. Tetembungan makaten wau pinanggih ing nalar manawi dipun tampi pralambang utawi pasemon, nanging boten pinanggih ing ngakal manawi katampi walaka. Nabi, punika sakalangkung luhur sanget, sanès tukang damel barang bangsaning peksi dolanan makaten punika; kajawi punika “nitahaken” punika namung saged katindakaken déning Pangéran piyambak.

Déné manawi badhé mangertosi pasemon punika, perlu langkung rumiyin dipun wudhari tetembunganipun ing dalem ukara: انى اخلق لكم من الطين كهيئه الطير فانفخ فيه فيكون الطير wonten tembung-tembung ingkang perlu dipun terangaken, inggih punika tembung *khalq, thîn, nafkh lan thair*. Déné tembung *khalq* punika tegesipun ingkang asli: *nimbang, mesthi,* sami kaliyan tembung *taqdir* (LL); dados tembung *khalq* makaten namung ateges *namtokaken ing satunggaling barang.* Zuhair ngandika: ولانت تفرى ما خلقت وبعض القوم يخلق ثم لا يفرى jawinipun: *lan sayekti kowé iku ngétok (nindakaken) barang kang katamtokaké lan sawenèh wong namtokaké, banjur ora angétok.* Lah inggih ingkang mengku teges punika ingkang kagem wonten ing ngriki, boten langkung mengku teges “nitahaken” (Bd, Kf, Rz, tuwin sanès-sanèsipun), jalaran *chalq* ingkang ateges “nitahaken” punika boten saged dipun tumrapaken kajawi namung tumrap dhateng Allah piyambak. Quran migatosaken sanget ing bab punika. Marambah-rambah Quran mangandikakaken bilih Pangéran punika *Ingkang-Nitahaken sadaya barang,* milanipun boten wonten malih sanèsipun ingkang kénging winastan “ingkang-nitahaken.” Sadaya ingkang kaanggep sesembahan déning titiyang, Quran mangandikakaken manawi *sadaya wau boten saged nitahaken punapa-punapa, malah sadaya wau sami katitahaken* (16: 20 tuwin 25: 3). Punika boten namung tumrap brahala kémawon, nanging ugi tumrap tiyang punapa, inggih punika tiyang ingkang kaanggep dados sesembahan, tandhanipun dhawuh ing 16: 20 wau ngagem tembung *alladhîna.* Sifatipun Allah: *Khâliq,* inggih punika Ingkang-Nitahaken sagung dumados, punika kawarsitakaken kalayan mligi nalika Quran mangandikakaken pangandel bab Allah puputra ing 6: 102, makaten: “Kapriyé anggoné Panjenengané kagungan putra, kang mangka Panjenengané ora kagungan garwa, sarta Panjenengané (Pribadi) anitahaké kabèh barang?” dados sampun terang manawi Kanjeng Nabi ‘Isa “nitahaken” peksi, punika sulaya kaliyan tatales ingkang kapasang déning Quran Suci piyambak kalayan dhawuh ingkang sakalangkung terang.

Lajeng tembung kakalih, inggih punika *thîn* tuwin *nafkh.* Manusa punika kapangandikakaken katitahaken saking *thîn* utawi *lebu,* ateges asalipun ina. Nanging margi saking piyambakipun *katiyup (nafkh),* piyambakipun pantes dipun hurmati déning para malaikat. Bab punika kajawi kasasmitakaken wonten ing pinten-pinten panggènan, ugi kadhawuhaken kalayan cetha wonten ing 38: 71, 72: “Nalika Pangéranira ngandika marang para malaikat: Sayekti Ingsun lagi anitahaké manusa saka lebu. Lah bareng iku wus Ingsun gawé sampurna sarta ing jeroné wus Ingsun tiyup kalawan ruh-Ingsun tumuli padha tumundhuka marang dhèwèké, sumujud.” Dados sarana katiyupan Ruhipun Pangéran, manusa kadamel sampurna.

Tembung *thair* utawi *thâir* punika ateges *peksi*. Nanging boten prabéda lan tembung *asâd* (*sima*) punika tumrap sanépa kanggé mastani *tiyang ingkang kendel*, saèstu boten wonten pakèwedipun manawi wonten ing dalem sanépa tembung *thair* punika dipun tegesi *tiyang ingkang sumengka ing ngaluhur dhateng laladan ruhani ingkang sakalangkung inggil tuwin ingkang boten tumiyung dhateng siti utawi barang-barang ingkang bangsa siti.* Ing 6: 38 Quran dhawuh: “lan ora liya gegremet ing bumi, lan manuk kang miber kalawan suwiwiné loro iku kajaba umat papadhanira.” Sajakipun dhawuh punika mengku suraos bilih sawenèhing tiyang wonten ingkang namung manggung lumampah wonten ing siti, boten saged ginggang saking kawontenanipun ingkang bangsa siti, kosokwangsulipun, sanèsipun wonten ingkang saged sumengka minggah dhateng laladan ruhani ingkang inggil. Ing panggènan sanès (ing 7: 179 tuwin 25: 44) tiyang ingkang gadhah manah nanging boten mangertos, tuwin gadhah talingan boten mireng, punika kasanépakaken kados déné raja kaya. Lah makaten ugi suraosipun pratélan ing ngriki, sarana aniyup ruh dhateng tiyang limrah, Kanjeng Nabi ‘Isa saged damel titiyang wau dados tiyang ingkang sumengka ing ngaluhur ngungkuli para titiyang ingkang namung ambrangkang wonten ing siti. Para sahabatipun Kanjeng Nabi ‘Isa ingkang sadaya kémawon sami para titiyang ingkang asli asor (ingkang kasasmitakaken *lebu* wonten ing dalem sanépa), ingkang pikiranipun boten naté langkung saking anggènipun manah kabetahanipun ingkang sapélé-sapélé, para titiyang wau sami nilar sadaya barang karana nglabuhi gurunipun, tuwin karana mituhu dhawuhing guru para titiyang wau lajeng sami lalana wonten ing jagad perlu mulangaken kasunyatan. Sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi punika lebu ingkang kawangun peksi, nanging déning utusaning Pangéran sami kadadosaken peksi ingkang saged kakablak ing dirgantara margi sami katiyupan ing kasunyatan. Déné wonten Injil ingkang karan “Injil Sang Timur” (Gospel of Infancy) nyariyosaken dodongèngan Kanjeng Nabi ‘Isa damel peksi, punika boten saged anjugaraken katrangan

wuta[429] lan wong budhugen apa déné anguripaké wong mati[430] kalawan kaparenging Allah lan amartani kowé apa kang kudu kopangan sarta apa kang kuduné

وَالْاَبْرَصَ وَاُحْيِ الْمَوْتٰى بِاِذْنِ اللّٰهِۚ وَ اُنَبِّئُكُمْ بِمَا تَاْكُلُوْنَ وَمَا تَدَّخِرُوْنَۙ فِيْ

punika, jalaran saged ugi ingkang nyerat Injil wau klèntu tampi anggènipun nyuraos sanépa wau. Wondéné Quran anggepok bab prakawis punika, punika karsanipun perlu paring papadhang menggah ing kayektènipun.

429. Pangéram-éramipun Kanjeng Nabi ‘Isa saged nyarasaken tiyang sakit, punika sampun naté katerangaken déning tuwan pandhita T. K. Kheyne wonten ing *Enc. Bib.* kalayan katrangan ingkang cocog kaliyan nalar. Panjenenganipun nerangaken bilih sadaya dodongèngan bab nyarasaken tiyang sakit, punika tuwuh saking lalampahanipun Kanjeng Nabi ‘Isa anggènipun nyarasaken tiyang ingkang sakit ruhaninipun, kados déné ingkang kasebut ing Matteus 9: 12: “Wong kang kawarasan iku ora susah nganggo dukun, kajaba mung kang nandhang lalara baé;” tuwin kados déné dhawuh piwelingipun Kanjeng Nabi ‘Isa dhateng Kanjeng Nabi Yahya (Yuhanan Pambaptis): Wong picak padha andeleng lan wong lumpuh padha lumaku, wong budugen padha kabirat najisé lan wong budheg padha ngrungu, wong mati padha tangi sarta wong miskin padha kawartanan Injil.” Ukara ingkang wekasan punika nedahaken kanthi terang, bilih tiyang sakit lan tiyang lempoh punapa déné tiyang wuta, punika sami kagolong èwonipun tiyang miskin ingkang kawartosan Injil, inggih punika miskin ing manahipun. Kula aturi nyocogaken ugi kaliyan Matteus 13: 15: “Amarga atiné bangsa iki dadi dableg, sarta alot pangrunguning kupingé, tuwin padha meremaké matané, supaya matané aja kongsi ndeleng, lan kupingé aja kongsi ngrungu, apa déné atiné aja nganti mangerti, aja nganti padha mratobat, temah sunwarasakaké.” Lah ing ngriki *nyarasaken* punika boten saged kasuraos kajawi nyarasaken sasakit ruhani. Quran Suci ugi kados makaten wau anggènipun merdéni nyarasaken tiyang sakit, tandhanipun Quran piyambak punika kapangandikakaken manawi “tomba tumrap apa kang ana ing sajroning ati-ati” (10: 57), inggih punika tumrap sasakit ruhani, sarta ing panggènan sanès (41: 44) Quran kasebut *tuntunan* tuwin *usada*. Nyarasaken ingkang katindakaken déning nabi, punika nyarasaken bangsa ruhani, boten teka nyarasaken sasakit wadhag. Quran asring mangandikakaken tiyang wuta tuwin tiyang tuli, nanging ingkang dipun karsakaken punika sanès tiyang ingkang sampun ical indriyanipun ingkang kanggé ningali tuwin kanggé mirengaken.

430. Bab tiyang pejah. Kalayan terang Quran andhawuhaken bilih tiyang pejah punika boten kawangsulaken malih dhateng ngalam donya punika: “Allah iku amulung jiwa-jiwa ing wayah matiné, déné kang ora mati, ing sajroning turuné; banjur Panjenengané anahan kang wus pinasthi mati, sarta ambalèkaké liyané tumekané wayah kang wus tinamtu” (39: 42). Malih, nalika mangandikakaken tiyang ingkang sampun pejah, Quran Suci nyebutaken makaten: “Ing sangarepé ana papageré tumeka dinané padha ditangèkaké” (23: 100). Nanging kagemipun wonten ing dalem Quran tembung *mautâ*, *tiyang pejah*, tuwin anggènipun *kagesangaken malih*, punika kalayan mengku teges ruhani: “Apa wong kang wis mati banjur Ingsun uripaké ….. iku padha karo wong kang sanépané ana sajroning pepeteng kang lilimengan” (16: 123). Lan malih: “É, kang padha angèstu! padha nyandikanana pangajaking Allah lan Utusan-É manawa dhèwèké angajak ing sira marang barang kang nguripi ing sira” (8: 24). Makaten ugi wonten dhawuh malih: “Lan ora padha, wong-wong urip karo wong-wong mati. Sayekti Allah iku agawé krunguné sapa sing dikarsakaké, lan ora bisa sira agawé krunguné sapa-sapa ana ing kubur” (35: 22). Para nabi, punika kautusipun kadhawuhan anggesangaken malih tiyang ingkang pejah ruhaninipun, sarta ingkang dipun karsakaken ing dhawuh Quran ngriki, punika inggih anggesangaken makaten punika ingkang katindakaken déning Kanjeng Nabi ‘Isa. Perlu dipun pèngeti bilih wonten tiyang tigang golongan ingkang miturut pangandika wau kabangun malih gesangipun, inggih punika: (1) tiyang ingkang lastantun dumunung wonten ing dalem kawontenan kudrat “lebu,” sarta boten prabéda lan lebu, piyambakipun tansah mituhu kagulawenthah badanipun déning nabi, temah saged sumengka anggayuh tataran ruhani, boten walang tolèhen malih dhateng samukawisipun ingkang bangsa dunyawi; (2) tiyang ingkang sakit ruhipun, tuwin lajeng dipun waluyakaken, temah dados bagas kasarasan, liripun kawasa makardi; saha (3) tiyang ingkang pejah sarta ingkang lajeng kagesangaken malih ruhaninipun. Mila ing ayat wau nyebutaken katrangan warni tiga ingkang béda-béda.

padha kosimpen ana ing omah-omahmu;[431] sayekti, kang mangkéné iki temen dadi tandha tumrap ing kowé, manawa kowé iku padha wong angèstu.

بُيُوتِكُمْ ۗ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً لَّكُمْ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٤٨﴾

49 Lan minangka ambeneraké apa kang ana ing ngarepku, yaiku Taurèt, lan supaya aku angenakaké ing kowé sapérangan kang mauné dilarangi tumrapé kowé,[432] apa déné tekaku marang kowé akanthi tandha saka Pangéranmu; mulané padha dibekti ing Allah lan manuta aku:

وَمُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيَّ مِنَ التَّوْرَاةِ وَلِأُحِلَّ لَكُم بَعْضَ الَّذِي حُرِّمَ عَلَيْكُمْ ۚ وَجِئْتُكُم بِآيَةٍ مِّن رَّبِّكُمْ فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿٤٩﴾

50 Sayekti Allah iku Pangéranku lan Pangéranmu, mulané padha ngawulaa ing Panjenengané; iki
a. 1547 dalan kang bener.[a]

إِنَّ اللَّهَ رَبِّي وَرَبُّكُمْ فَاعْبُدُوهُ ۗ هَٰذَا صِرَاطٌ مُّسْتَقِيمٌ ﴿٥٠﴾

51 Ananging bareng ‘Isa anggraita olèhé padha angemohi, acalathu: Sapa baya réwang-réwangku marang (dadalaning) Allah? Para murid[433] padha matur:

فَلَمَّا أَحَسَّ عِيسَىٰ مِنْهُمُ الْكُفْرَ قَالَ مَنْ أَنصَارِي إِلَى اللَّهِ ۖ قَالَ الْحَوَارِيُّونَ

431. Piwulangipun Kanjeng Nabi ‘Isa punika migatosaken sanget tiyang sampun ngantos sami manah “kanggé ing bénjing-bénjing,” sarta dhateng para titiyang sugih ingkang sami andhèrèk panjenenganipun, panjenenganipun mrayogèkaken supados sami nyadéni sadaya barang gadhahipun. Karsanipun Kanjeng Nabi ‘Isa para titiyang wau samia gadhah cèlèngan bandha wonten ing suwarga. Inggih sifating piwulangipun Kanjeng Nabi ‘Isa ingkang makaten punika, ingkang dipun karsakaken ing ayat punika. dados suraosipun ingkang cetha, Kanjeng Nabi ‘Isa dhawuh dhateng umatipun barang punapa ingkang angsalipun kalayan kaidèn, tuwin punapa ingkang kedah kasimpen wonten ing griya-griyanipun (tegesipun para titiyang wau sami kadhawuhan sampun ngantos sami angumpuk-umpuk bandha, nanging katanjakna wonten ing marginipun Allah awit makaten punika ateges para titiyang wau nyèlèngi bandanipun wonten ing suwarga). Anèhipun déné boten wonten piwulangipun Kanjeng nabi ‘Isa satunggal kémawon, ingkang boten dipun sulayani déning pandhèrèkipun.

432. Angger-angger (saréngat) ingkang kaampil Kanjeng Nabi Musa, dipun andhemi déning sadaya para nabi Israil, nanging saben-saben dipun bucal pundi ingkang kirang prayogi tuwin gentosipun dipun wonteni murih cocogipun kaliyan kabetahanipun jaman énggal. Éwah-éwahanipun punika cetha ngaléla wonten ing piwulangipun Kanjeng Nabi ‘Isa. Para ingkang sampun maos kitab Injil, langkung-langkung piwulangipun Kanjeng Nabi ‘Isa ing redi, saged ngyektosi punika kalayan gampil.

433. Tembungipun Arab punika *jama’*-ipun tembung *hawârî*, ingkang déning LL dipun terangaken makaten: “*Tiyang ingkang methak panganggé sarana masuh tuwin angeprok-eprok punika* (S, M, Msb, Q). Awit saking punika *jama’*-ipun tembung wau, inggih punika *hawâriyûn*, punika lajeng dipun anggé kanggé mastani *para sahabatipun Kanjeng Nabi ‘Isa,* jalaran pakaryanipun sami dados tukang anggirahi (M, S, Msb).” Sajakipun punika katrangan ingkang saé piyambak, sarta punika aluran saking

Kula punika para réncang (ing margi-)nipun Allah, kula sami angèstu ing Allah saha mugi Panjenengan aneksèni, bilih kula punika sami tiyang ingkang sumarah:

نَحْنُ أَنْصَارُ اللَّهِ ۚ آمَنَّا بِاللَّهِ وَاشْهَدْ بِأَنَّا مُسْلِمُونَ ﴿٥٢﴾

52 Pangéran kawula! kawula sami angèstokaken punapa ingkang Tuwan dhawuhaken, saha kawula sami miturut ing utusan; mila mugi Tuwan nyathet kawula dados golonganipun para ingkang sami neksèni.

رَبَّنَا آمَنَّا بِمَا أَنْزَلْتَ وَاتَّبَعْنَا الرَّسُولَ فَاكْتُبْنَا مَعَ الشَّاهِدِينَ ﴿٥٣﴾

53 Lan dhèwèké[a] padha angrancang (laku), déné Allah (iya) angrancang (uga),[434] lan Allah iku becik-beciking para Juru-ngrancang.[435]

a. *i.p. titiyang Yahudi*

وَمَكَرُوا وَمَكَرَ اللَّهُ ۖ وَاللَّهُ خَيْرُ الْمَاكِرِينَ ﴿٥٤﴾

RUKU' 6

Kanjeng Nabi 'Isa kaluwaraken saking Pandakwa ingkang dora

54. Janjinipun Gusti Allah tumrap kamenanganipun Kanjeng Nabi 'Isa dhateng mengsahipun. 55-57. Para ingkang sami ngemohi badhé dipun siksa. 58-59. Piyambakipun punika inggih manusa kados sanèsipun makaten. 60-62. Para ingkang sami mabeni dipun ajak sami nyunyuwun.

Sa'id bin Jubair (Rz). Sawenèh mufassirin wonten ingkang anggadhahi pamanggih, sababipun Kanjeng Nabi Isa kawastanan makaten wau margi saking sucinipun manahipun (Rz).

434. Tembung makr punika dipun terangaken déning Rgh *ngingeraken tiyang sanès saking barang ingkang sinedya kalayan réka daya werit,* tuwin panjenenganipun kagungan pamanggih bilih *makr* punika wonten warni kalih, saé lan awon. Awit saking punika teges ingkang saé piyambak kanggé negesi tembung *makara* (kalih warni pisan) punika kados anggènipun negesi TA, inggih punika: *ngecakaken kasantikan, kapinteran, kagunan* utawi *kajuligan anggènipun mengkoni utawi mangrèh sadaya prakawis, tur kalayan mawi panimbang ingkang premati, tuwin kasagedan saged nguwaosi miturut ing sakajengipun piyambak* (LL). Raos ugi ingkang kawengku wonten ing tegesing tembung, inggih punika upaya kanggé sedya awon utawi dhedhemitan, punika murugaken kathah tiyang ingkang lajeng katuwuhan pamanggih, bilih inggih punika tegesipun tembung wau. Mangka leresipun boten makaten *Makrullah* kénging ugi dipun tegesi *wawalesipun Gusti Allah tumrap makr* (Msb, TA-LL). Sawenèh mastani *tegesipun ingkang asli tembung wau anggolongaken satunggaling prakawis lan ngiyataken punika* (Rz). Katrangan punika sadaya nedahaken bilih tembung wau ateges rancangan, dené awon saénipun rancangan wau, punika gumantung kalayan sedya utawi kajengipun ingkang damel rancangan. Ing ayat ngriki Allah kasebut *Khairu-l-mâkirin*, utawi *Becik-beciking para Juru-ngrancang.* Tembung *khair wau* mesthi boten mathuk manawi dipun anggé nyifati sedya ingkang awon.

435. Para titiyang Yahudi sami ngrancang lampah badhé nyédani Kanjeng Nabi 'Isa sarana kasalib, ananging Allah angrancang lampah kanggé anjugaraken rancanganipun para Yahudi wau. Rancanganipun Allah ingkang angsal damel, inggih punika: Kanjeng Nabi 'Isa wilujeng saking séda kasalib. Bab punika kula aturi mirsani katerangan angka 436 tuwin 645.

54 Nalika Allah ngandika: É, ‘Isa! Ingsun bakal amatèni sira[436] lan angunggahaké sira marang Ingsun,[437] sarta angresikaké sira saka kang padha kafir[438] apa déné andadèkaké para kang padha manut ing sira angungkuli para kang padha kafir tumeka ing dina kiyamat;[439] tumuli marang Ingsun

إِذْ قَالَ اللّٰهُ يٰعِيسٰٓى إِنِّىْ مُتَوَفِّيْكَ وَ
رَافِعُكَ إِلَىَّ وَمُطَهِّرُكَ مِنَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا
وَجَاعِلُ الَّذِيْنَ اتَّبَعُوْكَ فَوْقَ الَّذِيْنَ
كَفَرُوْٓا إِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ ۚ ثُمَّ إِلَىَّ مَرْجِعُكُمْ

---

436. Bkh ngriwayataken saking I’Ab متوفيك مميتك inggih punika: tegesipun tembung *mutawaffika* punika: *Ingsun bakal amatèni sira.* Ukara توفا ه الله punika boten mengku teges kajawi: *Allah mundhut nyawanipun utawi mejahi.* Quran piyambak nerangaken teges punika wonten ing 39: 42. LA nerangaken: “Manawi wonten tiyang mungel punika توفي فلان وتوفاه الله ingkang dipun kajengaken قبض نفسه utawi miturut S قبض روحه jawinipun: *Panjenengané (Allah) amundhut nyawané* utawi *matèni dhèwèké.* Tembung توفاه الله miturut LL ateges: “Allah mundhut nyawané (S, Q) (sami ugi punapa nalika pejahipun punapa nalika tilemipun, mirsanana Quran, 6: 60); utawi *mejahi* (Msb).” Boten wonten teges sanèsipun malih kanggé negesi tembung punika, manawi kados makaten wau panganggénipun. Inggih awit saking punika mila sawenèh mufassirin mastani bilih anggènipun séda Kanjeng Nabi ‘Isa punika namung tigang jam, sanèsipun mastani pitung jam lan sapiturutipun (Rz). Nanging menggah ing sajatos-jatosipun, anggènipun tembung wau dipun anggé wonten ing mriki, punika kanggé anedahaken bilih upayanipun titiyang Yahudi badhé mrajaya Kanjeng Nabi ‘Isa sarana kasalib wonten ing kajeng palang, punika badhé wuk jugar atanpa dados sarta ing pawingkingipun panjenenganipun badhé nemahi séda limrah (mirsanan 645).

437. *Raf’* ateges *ngangkat* utawi *minggahaken*, tuwin ugi ateges *mulyakaken* utawi *ngluhuraken* (Rgh, TA-LL). Nanging sok uger kadhawuhaken ing Quran Suci utawi kasebutaken ing dalem kitab-kitab Islam, tiyang *Raf’* dhateng Gusti Allah, punika kénging katamtokaken mesthi mengku teges ingkang angka kalih wau, jalaran nginggahaken tiyang kalayan badanipun wadhag, dhateng Gusti Allah, punika mengku teges bilih Pangéran punika manggèn. Bab punika sampun cetha, titiyang Muslimin punika ing sadinten-dintenipun marambah-rambah nyunyuwun dhateng Pangéran وارفعني ingkang jawinipun: “Dhuh Gusti! Mugi Tuwan nginggahaken kawula.” Rak inggih boten ta mawi panyuwun punika mengku teges nyuwun kainggahaken badan wadhagipun dhateng langit! Milanipun dalasan para mufassirin ingkang margi saking kénging kadayan déning cicriyosan Nasrani, ngantos tumut mastani bilih Kanjeng Nabi ‘Isa kainggahaken dhateng langit kalayan sugeng-sugengan, punika inggih sami angakeni bilih tembung *raf’* ing ngriki punika boten mengku teges nginggahaken manginggil, nanging ateges *mulyakaken tuwin ngluhuraken.* Nalika nafsiri dhawuh candhakipun ingkang mungel: وجاعل الذين اتبعوك فوق الذين كفروا Rz nerangaken makaten: *ayat punika nedahaken bilih tembung raf’ ing ngriki punika anjunjung menggah ing drajat tuwin ing atasipun pangalembana, boten kok ing atasipun panggènan tuwin arah-arah.* Déné ngluhuraken Kanjeng Nabi ‘Isa kasebutaken wonten ing ngriki, punika mengku kajeng supados dadosa wangsulan tumrap dhateng para titiyang Yahudi, ingkang tansah sumedya murih Kanjeng Nabi ‘Isa séda kalayan lina’natan tuwin séda kalayan camah wonten ing kayu salib.

438. *Angresikaken saking para kafir,* punika ateges ngresikaken Kanjeng Nabi ‘Isa saking pandakwa dora, ingkang mastani bilih wiyosipun boten kalayan absah, tuwin saminipun; Kanjeng Nabi ‘Isa kaluwaraken déning Quran Suci saking pandakwa-pandakwa wau (mirsanan katrangan angka 644).

439. Ayat punika marsitakaken janji warni sekawan ingkang gagandhèngan kalayan kamenanganipun Kanjeng Nabi ‘Isa kalayan para mengsahipun, makaten ugi kaliyan upayanipun para mengsah wau. Janji sakawan prakawis wau ingkang tiga sampun kasebutaken inggih punika: (1) anggèning panjenenganipun dipun wilujengaken saking séda kasalib tuwin kakarsakaken séda limrah; (2)

فَأَحْكُمُ بَيْنَكُمْ فِيمَا كُنتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ﴿٥٤﴾

anggonira bakal padha bali; banjur Ingsun amancasi antaranira ing dalem prakara kang ing kono sira padha sulaya.[440]

فَأَمَّا الَّذِينَ كَفَرُوا فَأُعَذِّبُهُمْ عَذَابًا شَدِيدًا فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ وَمَا لَهُم مِّن نَّاصِرِينَ ﴿٥٥﴾

55 Wondéné para kang padha kafir banjur bakal padha Ingsun siksa kalawan siksa kang abanget ana ing donya lan akhirat sarta bakal padha ora duwé panulung.[441]

وَأَمَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ فَيُوَفِّيهِمْ أُجُورَهُمْ ۗ وَاللَّهُ لَا يُحِبُّ الظَّالِمِينَ ﴿٥٦﴾

56 Apa déné para kang padha angèstu lan anindakaké panggawé becik, ganjarané iya banjur bakal pinaringaké ganep; lan Allah iku ora remen marang para kang atindak dudu.[442]

ذَٰلِكَ نَتْلُوهُ عَلَيْكَ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ ﴿٥٧﴾

57 Iki, Ingsun pangandikakaké marang sira, iku kalebu timbalan-timbalan lan péling kang wicak-
a. 1110 sana.[a]

إِنَّ مَثَلَ عِيسَىٰ عِندَ اللَّهِ كَمَثَلِ آدَمَ ۖ خَلَقَهُ مِن تُرَابٍ ثُمَّ قَالَ لَهُ كُن فَيَكُونُ ﴿٥٨﴾

58 Sayekti, sanépané ‘Isa iku mungguhing Allah kaya sanépané Adam: Panjenengané anitahaké dhèwèké bakalé lemah, banjur dipangandikani: Anaa! Banjur ana.[443]

---

anggèning panjenenganipun kamulyakaken wonten ing ngarsaning Pangéran, kosokwangsul kaliyan sedyanipun para Yahudi, ingkang ngangkah badhé nélakaken bilih panjenenganipun punika tiyang ingkang lina’natan; (3) anggèning panjenenganipun kasucèkaken saking sawarnining pandakawa ingkang dora. Déné janji ingkang kaping sakawan, anjanjèkaken bilih para ingkang andhèrèk Kanjeng Nabi ‘Isa badhé kadamel menang kalayan para ingkang sami milawani ing panjenenganipun, ngantos dumugi ing dinten pancasan. Kayektèning piweca ingkang kaping sakawan punika kabuktèn ing dinten punika, inggih punika kamenanganipun kaum Muslimin tuwin titiyang Nasrani kaliyan para titiyang Yahudi. Déné janji punika boten kasebut wonten ing kitab-kitab Injil ingkang wonten ing jaman sapunika, punika nélakaken bilih kitab-kitab Injil wau sampun boten jangkep.

440. Sulaya ingkang dipun karsakaken punika sulaya ing antawisipun para ingkang angèstu ing Kanjeng Nabi ‘Isa, inggih punika sulaya ingkang sakalangkung tebih sungsatipun antawisipun para Muslimin kaliyan para Nasrani.

441. Kawontenanipun para titiyang Yahudi, punika ambuktèkaken kanyataanipun pangancam punika.

442. *Para kang atindak dudu,* punika ingkang dipun karsakaken para titiyang Nasrani, jalaran para titiyang wau sami nerak wawatesing kaadilan tuwin mangéran dhateng Kanjeng Nabi ‘Isa.

443. “Adam” punika kénging dipun suraos ateges manusa sadaya, jalaran *sadaya manusa punika katitahaken saking lebu.* Wonten ing 18: 37, kapangandikakaken para angèstu sami wicanten dhateng mitranipun kafir makaten: “Apa kowé angafiri marang kang anitahaké kowé saka lebu?” Ing 22: 5, 30:

59 (Iki barang) yekti saka ing Pangéranira, mulané aja sira dadi golongané para tukang madoni.

الْحَقُّ مِن رَّبِّكَ فَلَا تَكُن مِّنَ الْمُمْتَرِينَ ۝٥٩

60 Ananging, sapa sing madoni ing dalem prakara iki, ing sawisé ana kawruh kang tumeka marang sira, banjur calathonana: Ayo, mréné, padha angundang anak-anakku lan anak-anakmu, sarta wadon-wadonku lan wadon-wadonmu, tuwin wong-wongku lan wong-wongmu, tumuli ayo padha *nyunyuwun sing temenan*[444] dimèn bebenduning Allah tumiba marang sing padha goroh.[445]

Ar. *anor-raga*

فَمَنْ حَاجَّكَ فِيهِ مِن بَعْدِ مَا جَاءَكَ مِنَ الْعِلْمِ فَقُلْ تَعَالَوْا نَدْعُ أَبْنَاءَنَا وَأَبْنَاءَكُمْ وَنِسَاءَنَا وَنِسَاءَكُمْ وَأَنفُسَنَا وَأَنفُسَكُمْ ثُمَّ نَبْتَهِلْ فَنَجْعَل لَّعْنَتَ اللَّهِ عَلَى الْكَاذِبِينَ ۝٦٠

---

20 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun, kadhawuhaken bilih sadaya manusa punika katitahaken saking lebu. Dados maksudipun wigatos anerangaken bilih Kanjeng Nabi ‘Isa punika boten sanès kajawi tiyang limrah, kalèntu manawi panjenenganipun kaanggep sesembahan kados déné lekasipun para titiyang Nasrani.

Manawi Adam ing ngriki dipun suraos namanipun tiyang, inggih punika tiyang ingkang pinilih déning Pangéran, kados ingkang kasebut wonten ing ayat 32, punika inggih namung mengku teges makaten: Adam punika katitahaken saking lebu, lajeng kapiji utawi kasucèkaken déning Allah; lah makaten ugi Kanjeng Nabi ‘Isa, punika inggih katitahaken saking lebu, déné anggènipun Kanjeng Nabi ‘Isa kapiji ing Pangéran, punika ugi sami kaliyan anggènipun kapiji Adam. Suraos ingkang kawengku wonten ing dhawuh: *kun*, punika tumrap kawontenan ingkang kados makaten punika, ingkang dipun karsakaken amiji kawulaning Allah ingkang tulus. Miturut panyuraos warni kalih wau sadaya, boten wonten ingkang nerangaken bilih wiyosipun Kanjeng Nabi ‘Isa punika tanpa mawi lantaran rama. Ing ngriki saweg babantahan kaliyan titiyang Nasrani, sarta ingkang dipun lepataken wonten ing ngriki punika pangandelipun titiyang Nasrani ingkang lepat, inggih punika anggènipun nganggep Pangéran dhateng Kanjeng Nabi ‘Isa.

444. *Ibtahala* punika ateges *anor raga* utawi *ngesoraken badanipun piyambak* utawi *nyunyuwun ingkang kalayan sanget* (S, Msb, Q-LL). Punika tegesipun ingkang sajati. Nanging sawenèh wonten ingkang negesi: *nabtahil,* ingkang jawinipun *ayo padha nyunyuwun dimèn laknat iku tumiba marang sing padha goroh.*

445. Surat punika kawiwitan ngrembag Nasrani déné titiyang ingkang kasebut wonten ing ayat ngriki, punika para utusan Nasrani saking Najran ingkang sami sowan ing Kanjeng Nabi nalika taun Hijrah kaping 10. Utusan punika cacahipun wonten sawidak tiyang, dipun pangagengi déning Abdu-l-Masih, sesepuhan titiyang Nasrani ing Najran (Rz, AH). Para utusan wau dipun paringi pasipengan wonten masjid. Lah kados makaten anggènipun Kanjeng Nabi paring tuladha bab kamardikan tiyang nglampahi agami, ingkang dumugi titimangsanipun dinten punika dèrèng wonten ingkang nyamèni. Kanjeng Nabi anggelar tandha yakti dhateng para utusan wau, ingkang anedahaken bilih Kanjeng Nabi ‘Isa punika sanès Allah, wangsul namung manusa limrah lan dados nabi. Sasampunipun ababantahan bab prakawis punika kalayan panjang, para utusan wau tetep taksih sami anggegegi pangandelipun ingkang lepat bab kapangéranipun Kanjeng Nabi ‘Isa; awit saking punika minangka ikhtiyar ingkang wekasan, para utusan wau lajeng dipun ajak sami sasarengan nyunyuwun dhateng Pangéran ingkang kalayan sanget, supados bebenduning Allah dhumawah dhateng golongan ingkang puguh ngandhemi ing lepat. Para utusan nyuwun inah sadinten perlu badhé kamanah rumiyin. Ing dinten candhakipun Abdu-l-Masih tuwin kancanipun kakalih sowan dhateng Kanjeng Nabi tuwin matur bilih para utusan sampun sami mutusaken boten badhé nyunyuwun lumawan panjenenganipun, kados déné ingkang

61 Sayekti, iki, iku katerangan kang nyata temenan, lan ora ana sesembahan kajaba Allah; lan sayekti, Allah – Panjenengané iku Ingkang-Minulya, Ingkang-Wicaksana.

إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ الْقَصَصُ الْحَقُّ ۚ وَمَا مِنْ إِلَٰهٍ إِلَّا اللَّهُ ۚ وَإِنَّ اللَّهَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٦١﴾

62 Ananging manawa dhèwèké padha maléngos, lah sayekti Allah iku Ngudanèni marang wong kang agawé wisuna.

فَإِنْ تَوَلَّوْا فَإِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ بِالْمُفْسِدِينَ ﴿٦٢﴾

RUKU' 7

Babantahan kaliyan Yahudi tuwin Nasrani

63. Mahatunggalipun Allah minangka tatales umum tumrap sadaya agami ingkang dhumawah saking ngarsanipun Allah. 64-67. Pangajak dhateng agami Ibrahim. 68-70. Para pandhèrèkipun Kitab sami tampi rengu.

63 Calathua: É, para pandhèrèking Kitab! ayo mréné, (padha gumolong) marang tembung sawiji,

قُلْ يَا أَهْلَ الْكِتَابِ تَعَالَوْا إِلَىٰ كَلِمَةٍ سَوَاءٍ

dipun kausulaken wau. Sanalika wau ugi para utusan kaparingan janji bilih sami kaparingan kamardikan nindakaken agaminipun: “panguwaos tuwin wewenangipun boten badhé dipun arubiru, makaten ugi boten badhé dipun arubiru anggènipun sami nindakaken adat tatacara ingkang sampun kacara ing kalanganipun, waton titiyang wau sami asikep rahayu tuwin tulus” (Muir).

Saèstu anggumunaken sanget manawi para pangarang Nasrani mastani punika “cara ingkang anèh kanggé mutusi pasulayan.” Nanging nyatanipun para tititiyang Arab ingkang nunggil agami kaliyan para pangarang wau piyambak 1300 taun kapengker boten mastani kados makaten punika. Para titiyang wau sami ngandel dhateng dayaning donga, jalaran inggih makaten punika piwulangipun Kanjeng Nabi Isa, para titiyang wau sami sumerep ing katulusanipun Kanjeng Nabi, sarta para titiyang wau sami yakin dhateng lepating pangandelipun lan boten wantun nyuwun dhumawahing bebendu dhateng awakipun piyambak tur kalayan lésan-lésanipun piyambak, kawewahan malih para titiyang wau sami sumerep, bilih Kanjeng Nabi mesthi boten karsanipun nyuwun dhumawahing bebendu dhateng para titiyang wau. Awit saking punika piyambakipun sami milih margi ingkang prayogi, inggih punika boten purun nyunyuwun dhumawahing kacilakan dhateng badanipun, nganggé lésan-lésanipun piyambak. Saupami para titiyang wau anggadhahi pananggep bilih Kanjeng Nabi punika tukang dora-cara tuwin *Antikhrist* (Dajjal), kados déné pananggepipun para turun-turunipun ing jaman samangké, yekti para titiyang wau boten sami ajrih minangkani panantang wau.

Golongan ingkang mastani, saha ingkang tansah amastani, bilih angger-anggeripun Kanjeng Nabi punika “la'nat” tumrap sadaya manusa, punika boten saged mabeni bilih cara ingkang kawarsitakaken punika pranyata mantuk ing nalar. Cara piwulang Nasrani Kanjeng Nabi 'Isa punika pranyata Allah, sarta tiyang punika tulusa dikados punapa, manawi boten ngandel dhateng panebusipun Kanjeng Nabi 'Isa tetep nandhang dosa; makaten ugi angger-angger (saréngat) ingkang mamrih badhé adamel tiyang dados tiyang tulus, nanging angemohi piwulang bab panebusing dosa, malah-malah nganggep piwulang wau lepat, punika miturut piwulangipun Paulus dados la'nat tumrap para manusa. Lah manawi nyata makaten, punapa sababipun tiyang Nasrani boten wani ngla'nati tiyang ingkang anjumenengaken angger-angger wau? Déné pangakenipun bilih sami tresna dhateng satrunipun, punika cekap dipun titik saking kathahing pangawon-awon ingkang katujokaken dhateng Kanjeng Nabi dumugi ing dinten punika ugi.

Ar. *antara-né dhèwèké*

kang padha antaranė aku lan *kowé*, yaiku, padha aja ngawula sapa-sapa kajaba Allah, sarta aja padha dirangkep karo sawiji-wiji, tuwin aku kabèh iki aja anganggep pa-ngéran siji marang sijiné saliyané Allah; ananging manawa dhèwèké padha maléngos, lah padha cala-thua: Padha neksènana, manawa aku iki padha Muslim.[446]

بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمْ اَلَّا نَعْبُدَ اِلَّا اللّٰهَ وَلَا نُشْرِكَ بِهٖ شَيْـًٔا وَّلَا يَتَّخِذَ بَعْضُنَا بَعْضًا اَرْبَابًا مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ ؕ فَاِنْ تَوَلَّوْا فَقُوْلُوا اشْهَدُوْا بِاَنَّا مُسْلِمُوْنَ ﴿٦٣﴾

64 É, para pandhèrèking Kitab! yagéné kowé padha madoni pra-kara Ibrahim, kang mangka Taurèt lan Injil iku dhumawuhé ora liya kajaba sapungkuré; lah apa ta kowé iku padha ora mangerti?

يٰۤاَهْلَ الْكِتٰبِ لِمَ تُحَآجُّوْنَ فِيْۤ اِبْرٰهِيْمَ وَمَاۤ اُنْزِلَتِ التَّوْرٰىةُ وَالْاِنْجِيْلُ اِلَّا مِنْۢ بَعْدِهٖ ؕ اَفَلَا تَعْقِلُوْنَ ﴿٦٤﴾

65 É, lha! kowé iku kang padha amadoni ing prakara kang kowé padha duwé ngèlmuné; lah yagéné kowé saiki padha madoni ing prakara kang kowé padha ora duwé ngèlmuné? Lan Allah iku Ngudanèni, balik kowé padha ora weruh.[447]

هٰۤاَنْتُمْ هٰۤؤُلَآءِ حَاجَجْتُمْ فِيْمَا لَكُمْ بِهٖ عِلْمٌ فَلِمَ تُحَآجُّوْنَ فِيْمَا لَيْسَ لَكُمْ بِهٖ عِلْمٌ ؕ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ وَاَنْتُمْ لَا تَعْلَمُوْنَ ﴿٦٥﴾

---

446. Inggih dhawuh punika, ingkang kaserat wonten ing nawalanipun Kanjeng Nabi ingkang kakintunaken dhateng Sang Hérakléus nalika taun Hijrah 6 (Bkh). Nawalanipun Kanjeng Nabi wau sapunikanipun pinanggih, punika saged ambuktèkaken bilih hadits-haditsipun Kanjeng Nabi Suci ing saumumipun, punika pranyata kénging pinitados, jalaran ungeling nawala wau sami plek kaliyan ingkang kasebut ing Bkh. Salajengipun kawontenan punika nedahaken bilih ayat punika boten kok saweg nalika jaman taun pisowanipun utusan Nasrani Najran wau anggènipun katurunaken. Ing ayat punika para Yahudi tuwin para Nasrani sami dipun ajak netepi tatalesing agami Ibrahim ingkang sakalangkung wiyar ingkang ugi dados dhasar tatalesaipun agami Islam. Tatales ingkang wiyar wau déning para Yahudi kasingkur, minangka gentosipun para Yahudi sami nindakaken piwulang ingkang tuwuh ing pawingkingipun, titiyang Nasrani inggih makaten ugi minangka gentosipun sami mangéran dhateng tiyang lan nganggep ing panebusipun. Dhawuh *aku kabèh iki aja anganggep pangéran siji marang sijiné*, punika boten namung nuju dhateng piwulang Nasrani bab kapangérananipun Kanjeng Nabi ‘Isa kémawon nanging nuju gegebenganipun para Yahudi anggènipun sami mundhi-mundhi para pandhita-pandhitanipun kalayan pamundhi-mundhi ingkang namung mungguh kagem Allah piyambak, kados déné ingkang kadhawuhaken wonten ing panggènan sanès makaten: “Padha ngalap para winasisé lan para pandhitané minangka pangéran saliyané Allah (9: 31). Dhawuh punika ugi pantes katujokaken dhateng para Muslimin piyambak ing wekdal dinten punika, inggih punika anggènipun sami mundhi-mundhi para *pir* (para gurunipun) sarta inggih lekas punika sababipun ingkang sajati déné para Muslimin nandhang asor.

447. Para tiyang Nasrani sami ababantahan kaliyan Kanjeng Nabi ing bab Kanjeng Nabi ‘Isa; piyambakipun sami gadhah ngèlmunipun, nanging ing babagan Kanjeng Nabi Ibrahim, piyambakipun sami boten gadhah ngèlmunipun ingkang jlèntrèh.

66 Dudu kok Ibrahim iku Yahudi, Nasrani iya dudu, ananging (sawijining wong) kang tulus, sawijining Muslim sarta dudu éwoné wong kang padha manembah Pangéran akèh.

مَا كَانَ إِبْرٰهِيمُ يَهُودِيًّا وَّلَا نَصْرَانِيًّا وَّ
لٰكِنْ كَانَ حَنِيفًا مُّسْلِمًا ۖ وَمَا كَانَ
مِنَ الْمُشْرِكِينَ ۝٦٦

67 Sayekti wong-wong kang cedhak dhéwé karo Ibrahim, iku iya para kang padha andhèrèk dhèwèké, apa déné Nabi iki dalah sing padha angèstu; lan Allah iku Ingkang-Rumeksa para kang padha angèstu.

إِنَّ أَوْلَى النَّاسِ بِإِبْرٰهِيمَ لَلَّذِينَ اتَّبَعُوهُ
وَهٰذَا النَّبِيُّ وَالَّذِينَ آمَنُوا ۗ وَاللّٰهُ
وَلِيُّ الْمُؤْمِنِينَ ۝٦٧

68 Para pandhèrèké Kitab ana sagolongan kang nedya padha anasaraké sira, ananging ora liya kajaba mung anasaraké awaké dhéwé lan padha ora ngrasa.

وَدَّتْ طَّائِفَةٌ مِّنْ أَهْلِ الْكِتٰبِ لَوْ
يُضِلُّونَكُمْ ۖ وَمَا يُضِلُّونَ إِلَّا أَنْفُسَهُمْ
وَمَا يَشْعُرُونَ ۝٦٨

69 É, para pandhèrèké Kitab, yagéné kowé padha angemohi timbalan-timbalané Allah, ing mangka kowé padha neksèni?

يٰأَهْلَ الْكِتٰبِ لِمَ تَكْفُرُونَ بِآيٰتِ
اللّٰهِ وَأَنْتُمْ تَشْهَدُونَ ۝٦٩

70 É, para pandhèrèké Kitab, yagéné kowé padha anyarub barang yakti karo dudu apa déné angumpetaké yakti, ing mangka sira padha weruh.

يٰأَهْلَ الْكِتٰبِ لِمَ تَلْبِسُونَ الْحَقَّ بِالْبٰطِلِ
وَتَكْتُمُونَ الْحَقَّ وَأَنْتُمْ تَعْلَمُونَ ۝٧٠

RUKU' 8

Palacidra badhé angrebahaken Islam

71-73. Anggelaraken piandelipun ingkang dora lajeng tinungka balik. 74-76. Pandamelipun ingkang boten temen dhateng ingasanès. 77. Sami angéwahi Kitab-kitab. 78-79. Pangaken kapangéranan punika boten tuwuh saking piwulangipun nabi.

71 Lan para pandhèrèké Kitab ana sagolongan kang calathu: Padha angèstua marang sing didhawuhaké marang para kang padha angèstu, ing pérangan wiwi-

وَقَالَتْ طَّائِفَةٌ مِّنْ أَهْلِ الْكِتٰبِ آمِنُوا
بِالَّذِي أُنْزِلَ عَلَى الَّذِينَ آمَنُوا وَجْهَ

Ut. *ing pé-rangané wekasan*

taning raina, lan padha emohana *ing wekasané*, darapon dhèwèké padha ambalik.[448]

النَّهَارِ وَاكْفُرُوْٓا اٰخِرَهٗ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُوْنَ ۚ ٧١

Ar. *angès-tokaké*

72 Lan aja padha *angèstokaké marang sapa baé*, kajaba marang sapa sing manut agamamu.[449] calathua: Sayekti tuntunan (kang yekti) iku tuntunaning Allah – yèn ta anaa wong sawiji kang pinaringan kaya padhané kang kaparingaké ing kowé; utawa amadonana kowé ing ngarsané Pangéranmu.[450]

وَلَا تُؤْمِنُوْٓا اِلَّا لِمَنْ تَبِعَ دِيْنَكُمْ ۗ قُلْ اِنَّ الْهُدٰى هُدَى اللّٰهِ ۙ اَنْ يُّؤْتٰٓى اَحَدٌ مِّثْلَ مَآ اُوْتِيْتُمْ اَوْ يُحَاۤجُّوْكُمْ عِنْدَ رَبِّكُمْ ۗ قُلْ

---

448. Dhawuh punika kénging dipun suraos warni kalih, jalaran dlamir ingkang wonten ing tembung *âkhirahu* punika saged wangsul dhateng *sing didhawuhaké* utawi dhateng *raina.* Manawi wangsul dhateng *sing didhawuhaké*, lajeng mengku suraos para Yahudi sami ngrencana badhé nglahiraken anggènipun api-api iman dhateng péranganing wahyu ingkang tumurun rumiyin tuwin boten ngakeni pérangan ingkang kantun-kantun. Déné sedyanipun tumindak ingkang makaten wau perlu badhé damel semangipun para angèstu ing bab katulusanipun Kanjeng Nabi. Upaminipun kémawon para Yahudi wau sami criyos bilih wahyu ingkang tumurun rumiyin punika pancèn nyata, nanging wahyu ingkang kantun-kantun punika mengku pamrih Kanjeng Nabi mamrih kawibawaning sariranipun piyambak. Makaten punika satunggaling cara ingkang ing jaman sapunika ugi taksih sami dipun tindakaken déning para pangarang Nasrani ingkang kathah-kathah, ingkang rékanipun makaten badhé ngatingal-ngatingalaken anggèning piyambakipun boten tilar ing kaadilan manawi nglimbang-nglimbang piwulangipun agami Islam. Sawenèh nyuraos dhawuh ingkang mungel *sing didhawuhaké ing pérangan wiwitaning raina*, punika anggènipun Kanjeng Nabi ngagem *Qiblah* dhateng Yerusalem, déné *péranganing kang wekasan,* punika santunipun kiblat dhateng Ka'bah (Rz).

Déné suraos satunggalipun (manawi *dlamir* ing tembung *âkhirahu* wangsul dhateng *raina*), ateges bilih para Yahudi sami prasetya ngandel dhateng kayektèning agami Islam ing wanci énjing, tuwin kafir ing wanci sonten. Wondéné pamrihipun ingkang makaten punika badhé adamel kisruhing manahipun tiyang ingkang sampun ngrasuk Islam, nyebar raos bilih agami Islam punika agami palsu, jalaran saupami agami Islam punika leres, yekti para Yahudi ingkang piyambakipun gadhah cecepengan kitab, punika mesthi boten lajeng ambalik saking anggènipun nglampahi agami Islam (Rz). Tumindhakipun rancangan ingkang kados makaten punika kénging kanggé bukti bilih tiyang ingkang murtad punika boten kaukum pejah.

449. Kajengipun: para Yahudi sampun ngantos sami angèstu dhateng satunggaling nabi, inggih sintena kémawon, ingkang boten cecepengan angger-anggeripun, inggih punika angger-anggeripun Kanjeng Nabi Musa.

450. Pambantahipun titiyang Yahudi ing wiwitaning ayat punika, kaparingan wangsulan bilih wahyu kados déné ingkang sampun kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa, punika kedah kaparingaken dhateng nabi sanèsipun, jalaran Pangéran sampun paring janji dhateng Kanjeng Nabi Musa makaten: "Ingsun amesthi bakal anjumenengaken nabiné siji, Sun pundhut saka ing antarané para saduluré, iya kaya sira mangkono, ing lésané bakal Ingsun isèni pangandika-Ningsun" (Pangandharing Torèt 18: 18), Janji punika kedah dipun tetepi, sarta Kanjeng Nabi ingkang kautusipun anocogi janji wau, inggih punika "kados" Kanjeng Nabi Musa, punika ingkang badhé dados panuntun ingkang sajati. Lah inggih punika, suraosipun dhawuh ingkang mungel: "Yèn ta anaa wong sawiji kang pinaringan kaya padhané kang kaparingaké ing kowé" punika. Manawi rembagipun titiyang Yahudi tuwin titiyang Nasrani wau leres, inggih punika kanabian punika namung tartamtu kaparingaken dhateng turun Israil sarta boten wonten tiyang saking turun Isma'il ingkang kajumenengaken dados nabi, mangka turun Isma'il punika ugi "wiji"-nipun Kanjeng Nabi Ibrahim, turun Isma'il mesthi badhé nyereg déné janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim boten dipun tuhoni. Dados tegesipun ukara wau

Calathua: Sayekti, lubèring paparing iku ana ing astaning Allah, diparingaké marang sapa kang dadi kapareng-É; lan Allah iku jembar paparingé, Angudanèni.[451]

إِنَّ الْفَضْلَ بِيَدِ اللَّهِ يُؤْتِيهِ مَن يَشَاءُ ۗ
وَاللَّهُ وَاسِعٌ عَلِيمٌ ﴿٧٢﴾

73 Panjenenganè amligèkaké sih-É marang sapa sing dadi kapareng-É; lan Allah iku Ingkang-kagungan nugraha agung.[452]

يَخْتَصُّ بِرَحْمَتِهِ مَن يَشَاءُ ۗ وَاللَّهُ
ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيمِ ﴿٧٣﴾

74 Lan sawenèhé pandhèrèké Kitab, ana kang manawa sira titipi bandha sapirang-pirang, dibalèkaké marang sira, lan sawenèh ana kang, manawa sira titipi sadinar,[453] ora dibalèkaké marang sira, kajaba sasuwéné sira jaluk kalawan pangungsed; mangkono iku amarga saka padha calathu: Ora ana dadalané (kanggo ngalakaké) marang aku ing dalem prakarané wong-wong sing ora sastra iku; lan padha anibakaké pangucap goroh marang Allah, kang mangka padha weruh.[454]

وَمِنْ أَهْلِ الْكِتَابِ مَنْ إِن تَأْمَنْهُ
بِقِنطَارٍ يُؤَدِّهِ إِلَيْكَ وَمِنْهُم مَّنْ إِن
تَأْمَنْهُ بِدِينَارٍ لَّا يُؤَدِّهِ إِلَيْكَ إِلَّا مَا
دُمْتَ عَلَيْهِ قَائِمًا ۗ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَالُوا
لَيْسَ عَلَيْنَا فِي الْأُمِّيِّينَ سَبِيلٌ وَيَقُولُونَ
عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿٧٤﴾

makaten: utawa dhèwèké (inggih punika para turun Isma'il utawi bangsa Arab) padha amadoni kowé (inggih punika para turun Israil) amadoni (ing bab prakara janji, kang ora ditetepi) ing ngarsané Pangéranmu (yèn mangkono rembugé sing dianggo madoni iku bener). Bab kanyataanipun piweca ing Pangandharing Torèt 18: 18 wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad, kacocogna kaliyan dhawuh ing 46: 10: "Lan saksi sak antarané turun Israil wis padha aneksèni wong kaya dhèwèké," tuwin ing 73: 15: "Sayekti Ingsun wus angirimaké utusan marang sira, saksi tumrap marang sira, *kaya déné* anggon-Ingsun wus angirimaké utusan marang Fir'aun."

Ayat punika ugi kénging dipun suraos sanès malih, jalaran tembung *yuhajjûkum* punika ugi ateges "padha menang karo kowé." Manawi mawi panyuraos punika, lajeng mengku kajeng bilih Mahamurah tuwin Mahakuwasanipun Allah punika atanpa wates, ngantos Panjenenganipun punika boten namung kuwaos paparing dhateng umat sanès (titiyang Isma'il) "saminipun" ingkang sampun kaparingaken dhateng titiyang Israil kémawon, inggih kuwaos, sarta punika kelampahan saèstu, inggih punika menangipun agami Islam.

451. *Lubèring paparing* ing ngriki punika ingkang dipun karsakaken *kenabian*. Kula aturi nocogaken kaliyan *barang becik* ing 2: 105 tuwin katerangan angka 151.

452. Allah amligèkaken sih-Ipun ing ngriki, ingkang dipun karsakaken anggènipun milih satuggaling nabi, kados déné ingkang kasebut ing 2: 105.

453. *Dinâr* punika arta mas Arab pengaos watawis gangsal rupiahan.

454. Para titiyang wau rumaos sami boten tanggel jawab punapa-punapa manawi lalayanan kaliyan tiyang Arab ingkang boten sastra, dalasan manawi sasatungan nyambut damel. Awit saking punika para titiyang wau sami boten purun neksèni pangakenipun Islam ingkang sampun kawecakaken marambah-rambah wonten ing kitab-kitabipun, malah kosokwangsulipun, sami nganggep kéngang-kénging

75 O, iya, sapa sing anetepi janjiné sarta bekti, lah sayekti Allah iku remen marang para kang padha bekti.

بَلٰى مَنْ اَوْفٰى بِعَهْدِهٖ وَاتَّقٰى فَاِنَّ اللّٰهَ يُحِبُّ الْمُتَّقِيْنَ ﴿٧٥﴾

76 Wondéné para sing padha anampani reregan sathithik minangka liliruné janjining Allah lan sumpahé dhéwé – sayekti, iki ora bakal olèh bagéan ana ing akhirat, lan Allah ora bakal mangandikani sarta ora bakal amirsani ing dinané qiyamat lan ora bakal diresikaké, apa déné bakal padha olèh siksa kang nglarani.

اِنَّ الَّذِيْنَ يَشْتَرُوْنَ بِعَهْدِ اللّٰهِ وَاَيْمَانِهِمْ ثَمَنًا قَلِيْلًا اُولٰٓئِكَ لَا خَلَاقَ لَهُمْ فِى الْاٰخِرَةِ وَلَا يُكَلِّمُهُمُ اللّٰهُ وَلَا يَنْظُرُ اِلَيْهِمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ وَلَا يُزَكِّيْهِمْ ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ﴿٧٦﴾

77 Lan, sayekti, sawenèhé, temen ana sagolongan, kang goroh prakara Kitab[455] amrih sira

وَاِنَّ مِنْهُمْ لَفَرِيْقًا يَّلْوٗنَ اَلْسِنَتَهُمْ بِالْكِتٰبِ

---

kémawon ngecakaken sawarnining réka daya werit kanggé ambencanani Islam. Ingkang makaten punika boten namung kelampahan katindakaken déning titiyang Yahudi nalika jamanipun Kanjeng Nabi kémawon, nanging dalasan ing jaman punika ugi inggih kelampahan katindakaken déning fihak Nasrani, inggih punika para *missionari*nipun tansah sami siaga migunakaken sarupining panggorohan kanggé nglawan Islam, tuwin para jurunipun ngembat praja mèh sadaya kémawon boten sami mraduli bilih kerajan-kerajan Muslimin punika ugi gadhah wewenang angsal pangayomanipun angger-angger internasional Éropa.

455. Kathah ingkang sami klèntu tampi dhateng tegesipun ingkang sajatos tembung يلوٗن السنتهم بالكتاب jalaran ingkang asli makaten kanggènipun tetembungan لوين الحبل wau jiwanipun: *aku mlintir dadung.* Kathah ngilmi ingkang dipun pigunakaken kanggé nerangaken tegesipun tetembungan: *mlintir lésané kalawan kitab*, inggih punika teges ingkang kapirid saking ngibarat *dadung*. Rgh saged nerangaken kalayan tetembungan ingkang ringkes makaten: لوى لسانه بكذا ingkang wantahipun: *mlintir lésané kalawan barang kang kaya mangkono iku,* sarta punika kanggé nembungakaken *goroh tuwin damel-damel cariyos.* Panjenenganipun ugi nyebutaken ukara ingkang kamot wonten ing ayat punika, ingkang sampun kapethik ing nginggil wau, tuwin dhawuh ليا بالسنتهم ing 4: 46 ingkang mungel kanggé tuladha panganggénipun tembung punika. LA tuwin TA nerangaken warninipun panganggénipun tembung-tembung wau, ingkang sadaya punika saged saya anyethakaken suraosipun tembung wau. Kakalihipun sami sarujuk bilih tembung *laww* tuwin *laiyy* ateges *gogorohan* sarta *haw* lan *hayy* ateges *kasunyatan.* Punapa déné nyebutaken paribasan فلان لا يعرف الحو من اللو ingkang tegesipun: *si Suta ora bisa nitèni sing bener endi sing luput.* Malih, kakalihipun sami nerangaken الوى بالكلام punika ateges *ngènggokaken wicara* utawi *ginem saking maksudipun ingkang sajati* utawi *ngéwahi* utawi *anggantos punika babar pisan.*

Miturut LA, لويت عنه الخبر punika sami kaliyan *Aku mènèhi ing dhèwèké warta kang ora saknyatané.* Ugi miturut LA لوى فلان خبره punika ateges *nyidhem pawartos*. Rz nyebutaké saking I'Ab saking kateranganing tembung ayat punika: *ingkang dipun kajengaken inggih punika maos kitab ingkang palsu*. Panjenenganipun ugi nerangaken bilih ing basa Arab, kanggé nembungakaken

anganggepa iku (sapéranganing) Kitab, ing mangka iku dudu (péranganing) Kitab, sarta padha calathu: Iku saka ngarsaning Allah, mangka iku ora saka ngarsaning Allah; sarta padha nibakaké pangucap goroh marang Allah, kang mangka padha weruh.

لِتَحْسَبُوهُ مِنَ الْكِتٰبِ وَمَا هُوَ مِنَ الْكِتٰبِ
وَيَقُولُونَ هُوَ مِنْ عِنْدِ اللّٰهِ وَمَا هُوَ
مِنْ عِنْدِ اللّٰهِ وَيَقُولُونَ عَلَى اللّٰهِ
الْكَذِبَ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ۝٧٧

78 Ora mungguh tumrapé manusa, yèn diparingi Kitab déning Allah lan kawicaksanan tuwin kanabian banjur calathu marang wong-wong: Padha dadia kawulaku, saliyané Allah; ananging (pangucapé masthi): Padha dadia wong kang manembah ing Pangéran, amarga saka anggonira mulang Kitab sarta amarga saka anggonira maca.[456]

مَا كَانَ لِبَشَرٍ أَنْ يُؤْتِيَهُ اللّٰهُ الْكِتٰبَ
وَالْحُكْمَ وَالنُّبُوَّةَ ثُمَّ يَقُولَ لِلنَّاسِ
كُونُوا عِبَادًا لِّي مِنْ دُونِ اللّٰهِ وَلٰكِنْ
كُونُوا رَبّٰنِيّٖنَ بِمَا كُنْتُمْ تُعَلِّمُونَ الْكِتٰبَ
وَبِمَا كُنْتُمْ تَدْرُسُونَ ۝٧٨

79 Lan ora bakal dhèwèké aparéntah supaya sira padha anganggepa pangéran marang para malaikat sarta para nabi; apa! apa dhèwèké aparéntah kafir marang sira ing sawisé sira padha dadi Muslim?[457]

وَلَا يَأْمُرَكُمْ أَنْ تَتَّخِذُوا الْمَلٰٓئِكَةَ وَ
النَّبِيّٖنَ أَرْبَابًا ۗ أَيَأْمُرُكُمْ بِالْكُفْرِ
بَعْدَ إِذْ أَنْتُمْ مُّسْلِمُونَ ۝٧٩

satunggaling pandamel punika tembungipun warni-warni, manut awon saénipun pandamel wau, sarta panjenenganipun lajeng nyebutaken dhawuh ing 2: 79 ingkang nedahaken bilih kitab ingkang kawaos wau sanès kitab ingkang katurunaken déning Allah, nanging kitab ingkang kaserat mawi tangan-tanganipun piyambak. Wekasanipun dhawuh ing ayat punika ugi dhateng pupuntoning pamanggih punika lèrègipun: "Dhèwèké padha nibakaké pangucap goroh marang Allah." Punika nedahaken bilih Quran nganggep Bébel punika sampun dipun éwahi.

456 . *Rabbâni* punika sami kaliyan tembung *ribbi* (saking tembung *rabb*, *Pangéran*) tegesipun *tiyang ingkang kasinungan ngélmunipun Pangéran*, utawi *tiyang ingkang manembah dhateng Pangéran*. Miturut pangandikanipun Kanjeng Nabi, *ribbi* punika *tiyang saged, tiyang ingkang dados gurunipun tiyang sanès ingkang anggugulang tiyang kathah kalayan kawruh ingkang sepélé-sepélé sadèrèngipun miwiti ingkang ageng-ageng* (LL).

457. Ayat punika tuwin ayat ingkang sampun anedahaken bilih miturut Quran Suci boten wonten nabi ‒ dados kalebet ugi Kanjeng Nabi 'Isa ‒ ingkang mulang pandhèrèkipun supados mangéran dhateng panjenenganipun; manawi katembungaken sanès: sinten ingkang mulangaken ingkang makaten wau, mesthi sanès nabinipun Allah. Para malaikat ugi kasebutaken jalaran para titiyang kafir Arab inggih sami nembah para malaikat.

RUKU' 9

Kitab-kitab sarta para Nabi ingkang rumiyin-rumiyin sami aneksèni nyatanipun Islam

80, 81. Prajanjian, ingkang tumrapipun Kanjeng Nabi prayogi. 82, 83. Islam punika agaminipun manusa ingkang runtut kaliyan kodrat dumadosipun, sarta mawi angèstu dhateng sadaya Nabi. 84-90. Wekasanipun para ingkang sami ngemohi Islam.

80 Ing nalikané Allah amundhut prajanji lumantar para nabi: Sayekti, sabarang kang wis Ingsun paringaké marang sira arupa Kitab lan kawicaksanan – tumuli tumekané utusan sawiji, dumunung ambeneraké ing barang kang ana ing sira, kudu padha sira èstokna sarta kudu padha sira réwangana. Panjenengané angandika: Apa sira padha anyandikani sarta nyanggemi marang prajanjian Ingsun mangkéné iki? Unjuké: Kawula sami anyandikani. Pangandikané: Lah saiki padha aneksènana, dalasan Ingsun (iya) kanthinira, golongané kang padha aneksèni.[458]

وَإِذْ أَخَذَ اللَّهُ مِيثَاقَ النَّبِيِّينَ لَمَآ
آتَيْتُكُمْ مِّنْ كِتَابٍ وَّحِكْمَةٍ ثُمَّ جَآءَكُمْ
رَسُولٌ مُّصَدِّقٌ لِّمَا مَعَكُمْ لَتُؤْمِنُنَّ بِهِ
وَلَتَنْصُرُنَّهُ ۚ قَالَ ءَأَقْرَرْتُمْ وَأَخَذْتُمْ
عَلَىٰ ذَٰلِكُمْ إِصْرِي ۚ قَالُوٓا أَقْرَرْنَا ۚ قَالَ
فَاشْهَدُوا وَأَنَا مَعَكُمْ مِّنَ الشّٰهِدِينَ ﴿٨٠﴾

---

458. Warni-warni katrangan ingkang kanggé negesi tembung مِيثَاقَ النَّبِيِّينَ wantahipun tembung wau ateges: *prajanjiné para nabi,* dados ugi ateges prajanjinipun para nabi *kaliyan Gusti Allah* utawi prajanjinipun para nabi *kaliyan umatipun.* Rèhning dhawuh candhakipun cetha kadhawuhaken tumuju dhateng umat, para Yahudi lan para Nasrani katuju ing dhawuh wonten ing kalih ayat ingkang sampun, mila ingkang kula anggé teges ingkang angka kalih, inggih punika *prajanji lantaran para nabi*. Punika sami kalayan anggènipun negesi Kf: *ing nalikané Allah mundhut prajanji kang digawé déning para nabi karo umaté.* Rèhning ing ngriki, makaten ugi ing ayat ingkang sampun, para titiyang Yahudi tuwin para titiyang Nasrani katuju ing dhawuh, mila kados boten wonten awonipun katerangakaken bilih Kanjeng Nabi Musa lan lan Kanjeng Nabi 'Isa kakalihipun sami migatosaken sanget anggènipun majibaken dhateng pandhèrèkipun, supados sami nampèni nabi ingkang sampun kawecakaken déning kakalihipun wau. Sasampunipun anjanjèkaken "nabiné siji Ingsun pundhut saka ing antarané para sadhuluré, iya kaya sira mangkono" lumantar Kanjeng Nabi Musa, Pangéran Mahaagung maringi pèpènget dhateng titiyang Israil makaten: "ana déné sing sapa ora miturut marang dhawuh-Ingsun kang dilahiraké terang saka ing asma-Ningsun, iku amesthi Ingsun siksa" (Pangandharing Torèt 18: 19). Kanjeng Nabi 'Isa ugi migatosaken sanget bab punika, inggih punika nalika panjenenganipun mecakaken badhé rawuhipun Juru-pirembag, panjenenganipun mewahi pangandika makaten: "déné mungguh pamangsité iku bakal ora ana kang saka karsané piyambak; mung apa pamiyarsané iku kang bakal diwangsitaké" (Yuhanan 16: 13). Nabi ingkang kawecakaken déning Kanjeng Nabi Musa ing Pangandharing Torèt 18: 15–19, ingkang titik-titikanipun boten wonten nabi satunggal kémawon ingkang ngepleki kajawi namung Kanjeng Nabi Suci Muhammad piyambak, punika badhé rawuhipun sampun kawecakaken déning sadaya nabi. Ing Lalampahanipun para Rasul 3: 21, 22 nyebutaken makaten: "Kang mesthi ketampèn ing swarga kongsi tumeka jaman pambangun ing samubarang kang wus kadhawuhaké déning Allah asarana lésané sakèhé *para nabiné suci, wiwit saka*

Ar. *ambalik*

81 Mulané, sapa sing *padha ambalik* sawisé mangkono iku, ya iki sing padha murang-yekti.

فَمَنْ تَوَلّٰى بَعْدَ ذٰلِكَ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْفٰسِقُوْنَ ﴿٨١﴾

82 Lah, apa ta padha ngupaya saliyané agamané Allah (sing arep dienut) kang mangka sapa sing ana ing langit-langit lan bumi padha sumarah marang Panjenenganė, kalawan pambangun-turut lan kalawan kepeksa, lan marang Panjenengané anggoné bakal padha dibalèkaké.[459]

اَفَغَيْرَ دِيْنِ اللّٰهِ يَبْغُوْنَ وَلَهٗٓ اَسْلَمَ مَنْ فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ طَوْعًا وَّكَرْهًا وَّاِلَيْهِ يُرْجَعُوْنَ ﴿٨٢﴾

83 Calathua: Aku padha angèstu ing Allah lan barang kang kadhawuhaké marang aku sarta barang kang kadhawuhaké marang Ibrahim lan Isma'il tuwin Ishaq apa déné Ya'qub sarta para pancer tuwin barang kang kaparingaké marang Musa lan 'Isa sarta para nabi saka Pangérané; aku ora ambédakaké antarané siji karo sijiné, lan aku iki wong kang padha sumarah marang Panjenengané.[a]

a. 175

قُلْ اٰمَنَّا بِاللّٰهِ وَمَآ اُنْزِلَ عَلَيْنَا وَمَآ اُنْزِلَ عَلٰٓى اِبْرٰهِيْمَ وَاِسْمٰعِيْلَ وَاِسْحٰقَ وَيَعْقُوْبَ وَالْاَسْبَاطِ وَمَآ اُوْتِيَ مُوْسٰى وَعِيْسٰى وَالنَّبِيُّوْنَ مِنْ رَّبِّهِمْ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ اَحَدٍ مِّنْهُمْ وَنَحْنُ لَهٗ مُسْلِمُوْنَ ﴿٨٣﴾

84 Lan sapa sing kapéngin liyané agama Islam,[b] lah ora bakal

b. 400

وَمَنْ يَّبْتَغِ غَيْرَ الْاِسْلَامِ دِيْنًا فَلَنْ

purwaning jaman. Musa iya wus angandika marang para luluhur mangkéné: Pangéran Allahmu bakal anjumenengaké Nabi siji kaparingaké marang kowé, kang dipiji saka ing panunggalané para sadhulurmu, iya kaya aku mangkéné, iku kang padha kotilingna apa sapangandikané kang marang kowé." Saben-saben wonten nabi rawuh ing donya, Pangéran mundhut prajanji wau. Boten prabéda lan anggènipun sadaya nabi sami mecakaken badhé rawuhipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad tuwin majibaken umatipun supados nampèni panjenenganipun, makaten ugi Kanjeng Nabi, ugi mulangaken dhateng pandhèrèkipun supados sami angèstu dhateng sadaya nabi ingkang sampun sami rawuh ing antawisipun umat ingkang mawarni-warni ing saben jaman, sarta bab punika kadhawuhaken kanthi cetha wonten ing ayat candhakipun. Mirsanana ayat 83.

459. Saèstu anggumujengaken sanget déné wonten satunggaling juru-merdéni Quran bangsa Nasrani mastani dhawuh punika "pangancam dhateng para titiyang kafir Arab." Panyuraos ingkang nyalenèh punika sampun tita anggènipun boten mantuk, milanipun inggih boten pantes dipun rembag. Kula aturi nocogaken kaliyan 13: 15, 22: 18 tuwin sanès-sanèsipun, ing ngriku kadhawuhaken bilih sadaya ingkang wonten ing langit-langit tuwin ing bumi sami agami Islam, utawi pranatan sumarah dhateng angger-angger, punika angger-angger ingkang saged tiningalan wewèntèhan tumindhak wonten ing dalem sagung dumados, sarta inggih punika bukti ingkang nélakaken ing kayektènipun agami Islam.

tinarima, sarta ana ing akhirat bakal kagolong wong kang padha kapitunan.[460]

يُّقْبَلَ مِنْهُ ۚ وَهُوَ فِي الْاٰخِرَةِ مِنَ الْخٰسِرِيْنَ ﴿٨٥﴾

85 Kapriyé Allah anggoné anuntun sawijining kaum kang padha kafir ing sawisé padha angèstu sarta (sawisé) padha aneksèni, manawa utusan iku satuhu nyata tuwin (sawisé) tandha-tandha yekti kang terang padha tumeka marang dhèwèké; lan Allah iku ora anuntun kaum kang atindak dudu.[461]

كَيْفَ يَهْدِي اللّٰهُ قَوْمًا كَفَرُوْا بَعْدَ اِيْمَانِهِمْ وَشَهِدُوْٓا اَنَّ الرَّسُوْلَ حَقٌّ وَّجَآءَهُمُ الْبَيِّنٰتُ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظّٰلِمِيْنَ ﴿٨٦﴾

86 (Tumrapé) iki, piwalesé, ya-
a. 131 iku katiban bendhuning Allah[a] lan para malaikat sarta para manusa,
b. 201 sakabèhé.[b]

اُولٰٓئِكَ جَزَآؤُهُمْ اَنَّ عَلَيْهِمْ لَعْنَةَ اللّٰهِ وَالْمَلٰٓئِكَةِ وَالنَّاسِ اَجْمَعِيْنَ ﴿٨٧﴾

87 Padha dumunung ana ing kono; ora bakal diènthèngaké siksané, lan ora padha disumenèkaké;[462]

خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ۚ لَا يُخَفَّفُ عَنْهُمُ الْعَذَابُ وَلَا هُمْ يُنْظَرُوْنَ ﴿٨٨﴾

88 Kajaba para wong kang
Ut. *tobat* padha *apiduwung* ing sawisé mangkono iku sarta ambecikaké kalakuané, lah sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

اِلَّا الَّذِيْنَ تَابُوْا مِنْۢ بَعْدِ ذٰلِكَ وَاَصْلَحُوْا ۟ فَاِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٨٩﴾

89 Sayekti para kang padha kafir ing sawisé padha angèstu, tumuli padha mundhak-mundhak kafiré,
Ut. *tobat* ora bakal tinarima *piduwungé*, lan yaiki para kang padha sasar.[463]

اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بَعْدَ اِيْمَانِهِمْ ثُمَّ ازْدَادُوْا كُفْرًا لَّنْ تُقْبَلَ تَوْبَتُهُمْ ۚ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الضَّآلُّوْنَ ﴿٩٠﴾

---

460. Sasampunipun marsitakaken kalayan terang wonten ing ayat ingkang sampun, sifatipun agami Islam ingkang anglimputi saindhenging bawana, ayat punika lajeng nerangaken bilih sintena kémawon ingkang angemohi agami ingkang kados makaten wau, mesthi badhé kapitunan temahanipun.

461. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki, inggih punika titiyang ingkang sami angèstokaken para nabi ingkang sampun-sampun, nanging boten purun angèstu dhateng Kanjeng Nabi Suci Muhammad. Para titiyang wau sami anggadhahi pasaksèn ingkang ambuktèkaken ing kayektènipun Kanjeng Nabi, sarta ngaken manawi sami angèstu ing para nabi ingkang sampun sami mecakaken rawuhipun wekasanipun para nabi, suprandéné sami boten purun angèstu ing Kanjeng Nabi. Lah kados pundi anggènipun Allah badhé nedahaken kaum ingkang angemohi tuntunan kados makaten wau?

462. Ing ngriki boten "naraka" nanging "la'nat" utawi "bebendu," ingkang badhé dipun dunungi déning para titiyang dosa, lah punika saged nerangaken punapa jatos-jatosing naraka punika.

463. *Mirsanana kaca candhakipun.*

90 Sayekti para kang padha kafir lan padha mati, kang mangka isih kafir, ya ora bakal tinarima, sanajan siji-sijiné emas angebaki bumi kang kanggo nebusi; iki kang bakal padha olèh siksa kang nglarani sarta ora bakal padha olèh juru-mitulungi.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَمَاتُوا وَهُمْ كُفَّارٌ
فَلَنْ يُقْبَلَ مِنْ أَحَدِهِمْ مِلْءُ الْأَرْضِ
ذَهَبًا وَلَوِ افْتَدَىٰ بِهِ ۗ أُولَٰئِكَ لَهُمْ
عَذَابٌ أَلِيمٌ وَمَا لَهُمْ مِنْ نَاصِرِينَ ﴿٩٠﴾

JUZ IV

RUKU' 10

Pasaksèn ingkang langgeng tumrap kayektènipun Islam

91. Pangurbanan punika kedah. 92-94. Islam punika wonten titikanipun ingkang premati saking agami Ibrahim. 95, 96. Makkah sarta katentremanipun. 97-100. Pitutur sarta pèpènget.

91 Ora bakal sira padha tumeka ing kautaman kajaba yèn sira wis padha amèwèhaké apa kang sira senengi; lan barang apa baé kang padha sira wèwèhaké, lah iki sayekti Allah Angudanèni.[464]

لَنْ تَنَالُوا الْبِرَّ حَتَّىٰ تُنْفِقُوا مِمَّا تُحِبُّونَ ۚ
وَمَا تُنْفِقُوا مِنْ شَيْءٍ فَإِنَّ اللَّهَ بِهِ عَلِيمٌ ﴿٩١﴾

92 Sawarnaning pangan iku tumrapé turuning Israil kena,[465] kajaba apa sing disirik déning Israil dhéwé ing sadurungé Taurèt didhawuhaké. Calathua: Lah padha anjupuka Taurèt, banjur wacanen, manawa kowé padha wong temen.[466]

كُلُّ الطَّعَامِ كَانَ حِلًّا لِبَنِي إِسْرَائِيلَ إِلَّا
مَا حَرَّمَ إِسْرَائِيلُ عَلَىٰ نَفْسِهِ مِنْ قَبْلِ
أَنْ تُنَزَّلَ التَّوْرَاةُ ۗ قُلْ فَأْتُوا بِالتَّوْرَاةِ
فَاتْلُوهَا إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ﴿٩٢﴾

---

463. Kados déné ingkang kasebut ing ayat 88, tobat utawi piduwungipun punika manawi purun nampèni Kanjeng Nabi Suci. Nanging manawi para titiyang wau sami ambalik malih dados kafir, dados wewah kafiripun, tobatipun ingkang rumiyin inggih atanpa gina, jalaran boten wonten wohipun. Awit saking punika tobatipun wau boten tinarimah déning Pangéran (I'Ab-Rz).

464. Sasambetanipun kaliyan ayat ingkang sampun, sampun cetha. Bandha boten kénging kanggé nebusi tiyang manawi piyambakipun punika nalika wonten ngrikinipun namung nelasaken wekdalipun kémawon kalayan muspra. Murih tumonja wekdalipun, kedahipun tiyang punika ing gesang sapunika punika purun nanjakaken samukawisipun ingkang sakalangkung dipun tresnani. Dados dhawuh punika minangka pémut, bilih kaum Muslimin makaten kedah wantun kurban.

465. Para titiyang sami mabeni para Muslimin dupèh sami purun nedha sawenèh tetedhan ingkang déning saréngatipun Kanjeng Nabi Musa dipun awisi. Dhawuh punika maringi wangsulan, bilih tetedhan wau kaidèn tumrapipun Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin putra-wayahipun. Bakunipun agami Islam punika cocog kaliyan agaminipun Kanjeng Nabi Ibrahim. Dados *sawarnining pangan* punika ingkang dipun karsakaken *sarupaning tetedhan ingkang kaidèn tumrap para Muslimin.*

466. Punapa ingkang dipun sirik piyambak déning Israil sadèrèngipun Torèt kadhawuhaken? Para mufassirin nerangaken bilih punika dagingipun unta. Sampun boten wonten semang-semangipun malih

93 Mulané sapa sing agawé-gawé goroh ditibakaké marang Allah sawisé mangkono iku, lah yaiki para kang padha atindak dudu.

فَمَنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ الْكَذِبَ مِنْۢ بَعْدِ ذٰلِكَ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الظّٰلِمُوْنَ ﴿۹۳﴾

94 Calathua: Allah iku sabdané temen, mulané padha manuta agamané Ibrahim, wong kang tulus, lan ora kalebu golongané para kang manembah Pangéran akèh.

قُلْ صَدَقَ اللّٰهُ ۟ فَاتَّبِعُوْا مِلَّةَ اِبْرٰهِيْمَ حَنِيْفًا ؕ وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ﴿۹۴﴾

95 Sayekti, wiwitaning omah, kang disadhiyakaké marang manusa, iku kang ana ing Bakkah,[467] kang binarkahan sarta tuntunan tumrap sarupaning bangsa.[468]

اِنَّ اَوَّلَ بَيْتٍ وُّضِعَ لِلنَّاسِ لَلَّذِيْ بِبَكَّةَ مُبٰرَكًا وَّهُدًى لِّلْعٰلَمِيْنَ ﴿۹۵﴾

Ut. *ancik-anciké*

96 Ing kono ana tandha-tandhané kang terang: *enggon pangadhegé* Ibrahim, sarta sapa

فِيْهِ اٰيٰتٌۢ بَيِّنٰتٌ مَّقَامُ اِبْرٰهِيْمَ ۚ وَمَنْ

dagingipun unta punika awisan tumrap titiyang Israil, makaten ugi barang-barang sanès-sanèsipun ingkang tumrap para Muslimin kaidèn. Déné ingkang dipun wancahi déning titiyang Yahudi, punika kados déné ingkang sampun katerangaken ing katrangan ingkang sampun, sulayanipun kaliyan angger-angger Israil wau. Bab punika sampun kadhawuhaken langkung rumiyin wonten ing 6: 147, ing ngriku sasampunipun nyebutaken tetedhan awisan tumrap titiyang Israil, lajeng kasusulan dhawuh makaten: "Iki siksa kang Ingsun paringaké marang dhèwèké sabab anggoné padha duraka." Dhawuh punika nerangaken punapa ingkang kasebut ing ngriki, inggih punika: menggah ing sajatos-sajatosipun barang ingkang dipun sirik piyambak déning Israil, punika barang ingkang kaawisan tumrap bangsa Bani Israil, margi saking anggènipun andaga dhateng angger-anggeripun Pangéran. Dados "Israil" ing ngriki ingkang dipun karsakaken bangsa Bani Israil.

467. Bakkah punika sami kaliyan Makkah, saking tembung *tabâk*, tegesipun *suk-sukanipun tiyang kathah* (Rz). Ngulami sanès ngandikakaken bilih tembung punika saking teges ingkang asli: *nigas jongga*, déné mila kanamakaken makaten, jalaran saben wonten tiyang ambeg-aniaya lumebet mriku kalayan rudaparipeksa, dipun tigas jangganipun (Rz). Sawenèh gadhah pamanggih bilih Bakkah punika namanipun masjid utawi Padaleman Suci ing Makkah. Punika ugi minangka wangsulan dhateng para titiyang Yahudi ingkang sami mabeni para Muslimin anggènipun dipun adegaken sampun let dangu ing sapengkeripun Kanjeng Nabi Ibrahim, nanging Padaleman Suci ing Makkah wiwit sadèrèngipun Kanjeng Nabi Ibrahim sampun wonten ngriku, saha menggah ing sajatos-jatosipun Padaleman Suci ing Makkah punika Padaleman Suci ingkang rumiyin piyambak ingkang wonten ing bumi punika kanggé manembah dhateng Pangéran. Bab punika sampun karembag kanthi panjang wonten ing katerangan angka 170.

468. Kajawi kadhawuhaken bilih Makkah punika *Griya ingkang wiwitan* ingkang dipun adegaken kanggé nembah dhateng Pangéran, inggih kadhawuhaken bilih Makkah punika *mubârak.* Tembung *mubârak* punika limrahipun dipun tegesi *binarkahan,* nanging yektosipun ateges: *barkah ingkang ing salami-laminipun tansah dumunung ing satunggaling barang* (Rz). Dados Padaleman wau Padaleman ingkang wiwitan saha ingkang pungkasan, enggèn telenging pitedah jati ingkang sampun lan ingkang badhé dipun panggih déning bangsa-bangsa ing jagad punika.

دَخَلَهٗ كَانَ اٰمِنًا ۗ وَلِلّٰهِ عَلَى النَّاسِ حِجُّ
الْبَيْتِ مَنِ اسْتَطَاعَ اِلَيْهِ سَبِيْلًا ۗ وَمَنْ
كَفَرَ فَاِنَّ اللّٰهَ غَنِيٌّ عَنِ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٩٦﴾

sing malebu mrono amasthi aman, lan jiyarah marang Omah iki iku wajib tumrap para manusa, karana Allah,[469] (yaiku tumrap) sapa kang kasembadan dadalané mrono; lan sapa sing angafiri, lah sayekti Allah iku kecukup piyambak, ora kebutuh marang sakèhing ngalam.

قُلْ يٰٓاَهْلَ الْكِتٰبِ لِمَ تَكْفُرُوْنَ بِاٰيٰتِ
اللّٰهِ ۖ وَاللّٰهُ شَهِيْدٌ عَلٰى مَا تَعْمَلُوْنَ ﴿٩٧﴾

97 Calathua: É, para pandhèrèking Kitab! Yagéné kowé padha angemohi timbalan-timbalaning Allah, lan Allah iku saksi tumrap sabarang kang padha kolakoni.

قُلْ يٰٓاَهْلَ الْكِتٰبِ لِمَ تَصُدُّوْنَ عَنْ سَبِيْلِ
اللّٰهِ مَنْ اٰمَنَ تَبْغُوْنَهَا عِوَجًا وَّاَنْتُمْ شُهَدَاۤءُ ۗ
وَمَا اللّٰهُ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُوْنَ ﴿٩٨﴾

98 Calathua: É, para pandhèrèking Kitab! Yagéné kowé padha angalang-alangi wong kang angèstu saka dadalaning Allah? Kowé padha mamrih angénggokaké, kang mangka kowé iku padha seksi, lan ora pisan Allah iku kasupèn ing sabarang kang padha kolakoni.

469. Tandha-tandha ingkang terang ingkang kasebutaken satunggal-satunggal wonten ing ngriki, punika wonten tiga, sarta tiga-tiganipun wau menggah ing sajatos-jatosipun piweca badhé kadadosanipun Makkah ing wekdal ingkang badhé dhateng. Tandha ingkang sapisan inggih punika panggènan jumenengipun Kanjeng Nabi Ibrahim, ingkang sampun kadhawuhaken manawi badhé dados punjeripun para Muslimin (mirsanana 169). Dados piweca ingkang sapisan mecakaken bilih piwulang bab Kasawijènipun Pangéran, punika badhé kaundhangaken dhateng saindhenging jagad saking punjer punika. Tandha ingkang kaping kalih Makkah tansah badhé aman, liripun Makkah boten badhé dhumawah wonten ing tanganipun mengsah ingkang badhé ngrisak punika, jalaran dipun dhawuhaken bilih Makkah punika saged suka kaamanan, punika manawi Makkah piyambak punika aman. Wonten hadits pangandika Nabi Suci ingkang suraosipun ngandikakaken bilih Dajjal (tuwin pageblug) boten saged lumebet dhateng Makkah. Dados amanipun Makkah punika katanggel tumrap kalih-kalihipun, inggih jasmani, inggih ruhani. Piweca ingkang kaping tiga mecakaken bilih jiyarah Haji dhateng Padaleman Suci punika badhé lastantun wonten ing salami-laminipun, sarta ing jagad punika boten badhé wonten panguwaos ingkang saged ngawisi punika. Ingkang sakalangkung angédab-édabi punika déné piweca wau sadaya anggènipun kagelaraken wonten ing jaman, nalika Kanjeng Nabi Suci lan pandhèrèkipun sajak badhé salami-laminipun kéndhang saking tanah suci, inggih punika ing nalika papan wau kacepeng wonten ing tanganipun mengsah, ingkang ngawisi para Muslimin jiyarah mriku, dalasan ing salebetipun wulan-wulan suci, punapa déné ing nalikanipun umat Islam ingkang ringkih punika tansah kaancam ing babaya katumpes ing sawanci-wanci déning mengsah ingkang sakalangkung kiyat. Ngundhangaken piweca adiluhung badhé kadadosanipun papan panggènan wau, tur ing kalanipun wonten ing dalem kawontenan ingkang kados makaten wau, punika terang manawi nyebal saking kasagedanipun manusa.

Prayogi dipun terangaken pisan ing ngriki bilih jiyarah haji dhateng Padaleman Suci punika sanès kawajiban ingkang tanpa sarat-rukun. Ingkang dipun wajibaken punika ngemungaken para titiyang ingkang kuwaos nindakaken punika.

99 É, para kang padha angèstu! manawa sira padha manut sapéranganè para kang padha kaparingan kitab, dhèwèké bakal padha ambalikaké sira dadi wong kafir ing sawisé *sira angèstu.*[470]

Ar. *piandelira*

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنْ تُطِيْعُوْا فَرِيْقًا مِّنَ
الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ يَرُدُّوْكُمْ بَعْدَ
اِيْمَانِكُمْ كٰفِرِيْنَ ﴿٩٩﴾

100 Ananging kapriyé anggonira padha bisa angafiri, kang mangka sira iku wis diwacakaké timbalan-timbalaning Allah, sarta Utusan-É ana ing antaranira? Lan sapa sing gondhèlan ing Allah, temen masthi katuntun marang dalan kang bener.

وَكَيْفَ تَكْفُرُوْنَ وَاَنْتُمْ تُتْلٰى عَلَيْكُمْ
اٰيٰتُ اللّٰهِ وَفِيْكُمْ رَسُوْلُهٗ ۗ وَمَنْ يَّعْتَصِمْ
بِاللّٰهِ فَقَدْ هُدِيَ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ﴿١٠٠﴾ ع

RUKU' 11

Para Muslimin dipun pituturi supados tansah golong

101, 102. Para ingkang sami angèstokaken kedah sami saiyeg tanpa gingsir. 103. Pangajak sarana angintunaken utusan punika perlu sanget. 104—108. Awoning kadadosanipun crah sarta pecah-pecah.

101 É, para kang padha angèstu! padha di bekti ing Allah kalawan satuhuning bekti kang mungguh marang Panjenenganè, sarta aja pisan sira padha mati, kajaba manawa sira padha wong Islam.

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ حَقَّ تُقٰتِهٖ
وَلَا تَمُوْتُنَّ اِلَّا وَاَنْتُمْ مُّسْلِمُوْنَ ﴿١٠١﴾

102 Lan padha gondhèlana ing prajanjiné Allah,[471] kabèh baé, lan aja padha pisah-pisah, lan padha angélingana nugrahaning Allah marang sira, nalikané sira padha

وَاعْتَصِمُوْا بِحَبْلِ اللّٰهِ جَمِيْعًا وَّلَا تَفَرَّقُوْا
وَاذْكُرُوْا نِعْمَتَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ اِذْ كُنْتُمْ اَعْدَاۤءً

470. "Manut" ing ngriki ingkang dipun karsakaken ngandel dhateng wicantenipun para pandhèrèking Kitab, utawi tumindhak kados tindakaipun para titiyang wau.

471. Tembungipun ingkang asli: *habl,* ingkang tegesipun asal *dadung* utawi *tampar,* milanipun lajeng mengku suraos *tangsul, sarana ingkang kanggé manunggilaken, tatangsuling sih* utawi *mimitran, prajanjian* utawi *prasetya tanggel kawilujenganing tiyang utawi barang*. Tembung كانت بينهم حبل فقطعوها ateges *Ing antarané dhèwèké ana prajanjian, banjur dhèwèké padha nulayani iku* (TA-LL). *Hablillâh,* utawi *prajanjian Allah,* punika ingkang dipun karsakaken *Qurân*, sarta ateges punika dipun kiyataken déning hadits pangandika Nabi Suci kakalih, ingkang satunggal ngandikakaken bilih *Kitabipun Allah punika prajanjianipun* (utawi *tangsulipun) Allah ingkang kiyat* (AH). Katrangan sanès-sanèsipun sadaya lèrègipun ngiyataken punika.

فَأَلَّفَ بَيْنَ قُلُوبِكُمْ فَأَصْبَحْتُم بِنِعْمَتِهِ
إِخْوَانًا وَكُنتُمْ عَلَىٰ شَفَا حُفْرَةٍ مِّنَ
النَّارِ فَأَنقَذَكُم مِّنْهَا ۗ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ اللَّهُ
لَكُمْ آيَاتِهِ لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ ﴿١٠٣﴾

dadi mungsuh, tumuli Panjenengané anggolongaké ati-atinira, temahan, amarga saka nugraha-Né, sira padha dadi sadulur; lan mauné sira padha ana ing lambéning luweng geni,[472] banjur Panjenengané anylametaké sira saka ing kono; kaya mangkono iku Allah anggoné anerangaké timbalan-timbalan-É, darapon sira padha nuruta dalan kang bener.

وَلْتَكُن مِّنكُمْ أُمَّةٌ يَدْعُونَ إِلَى الْخَيْرِ
وَيَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ
الْمُنكَرِ ۚ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ﴿١٠٤﴾

103 Lan anaa saka ing antaranira golongan kang padha ajak-ajak marang kabecikan, lan padha akon marang bener tuwin nyegah saka luput sarta iki wong kang padha begja.[473]

وَلَا تَكُونُوا كَالَّذِينَ تَفَرَّقُوا وَاخْتَلَفُوا
مِن بَعْدِ مَا جَاءَهُمُ الْبَيِّنَاتُ ۚ وَأُولَٰئِكَ
لَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿١٠٥﴾

104 Lan aja kaya para kang padha dadi pisah-pisah lan sulaya ing sawisé bukti kang terang tumeka marang dhèwèké, lan iki kang bakal padha olèh siksa kang gedhé.

يَوْمَ تَبْيَضُّ وُجُوهٌ وَتَسْوَدُّ وُجُوهٌ ۚ فَأَمَّا

105 Ing dinané rai-rai (ana kang) padha dadi putih lan rai-rai (ana kang) padha dadi ireng;

472. Jaman sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi, bangsa Arab punika tansah wonten ing salebeting kawontenan peperangan sami bangsa piyambak ingkang boten wonten kèndel-kèndelipun, ingkang mèh kémawon badhé damel karisakanipun saglembenging nagari Arab. Kedah dipun pèngeti bilih ing dalem kapustakan Arab tuwin ing dalem Quran, *nâr* utawi *latu* punika asring dipun anggé pasemonipun *peperangan*. Adatipun, bangsa Arab manawi badhé perang sami angurubaken *latu* minangka tandha, supados titiyang golonganipun sami lajeng ngalempak. Mila tembung wau lajeng kanggé nembungaken perang. Ing Quran piyambak wonten dhawuh makaten: "saben-saben padha angurubaken geni kanggo perang, Allah amatèni iku" (5: 64).

473. Satunggaling tukang merdéni Quran bangsa Nasrani ingkang angen-angenipun kapenuhan gagasan panasaran, ton-tonen tléraming "pedhang" wonten ing dalem dhawuh punika. Kula aturi nyundhukaken kaliyan dhawuh ing 9: 122 "Lan ora layak para angèstu iku yèn ta padha budhala akerig lampit; lah yagéné ora ana sagolongan saka saben-saben papantané dhèwèké, kang budhal, dimèn padha marsudi mamrih mangerti ing dalem prakara agama, supaya dhèwèké padha apépéling marang panunggalané samangsa padha bali katemu dhèwèké, supaya dhèwèké padha ngati-ati?" Menggah ing sajatos-jatosipun ayat warni kalih wau sadaya andhawuhaken dhateng para Muslimin supados tansah gadhah golongan ingkang dados tukang mencaraken agami, ingkang sedyanipun namung mligi badhé mencaraken Islam tuwin nedahaken dhateng leres umat Islam.

wondéné para kang rainé padha dadi ireng: Apa ta sira padha kafir ing sawisé *angèstu*? Mulané padha rasakna siksané, amarga saka anggonira padha angafiri.[474]

Ar. *piande-lé*

الَّذِينَ اسْوَدَّتْ وُجُوهُهُمْ أَكَفَرْتُمْ بَعْدَ إِيمَانِكُمْ فَذُوقُوا الْعَذَابَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْفُرُونَ ۝١٠٥

106 Apa déné para kang padha dadi putih rainé, bakal (dumunung) ing dalem wilasané Allah; padha ana ing kono olèhé padha manggon.

وَأَمَّا الَّذِينَ ابْيَضَّتْ وُجُوهُهُمْ فَفِي رَحْمَةِ اللَّهِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ۝١٠٦

107 Iki timbalan-timbalaning Allah kang Ingsun wacakaké marang sira, kalawan nyata, lan ora pisan Allah karsa atindak dudu marang kabèh titah.

تِلْكَ آيَاتُ اللَّهِ نَتْلُوهَا عَلَيْكَ بِالْحَقِّ ۗ وَمَا اللَّهُ يُرِيدُ ظُلْمًا لِلْعَالَمِينَ ۝١٠٧

108 Lan samubarang kang ana ing langit-langit lan bumi iku kagungané Allah; lan marang Allah *baliné sakèhing barang.*

Ar. *sakèhing prakara dibalèkaké*

وَلِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ ۚ وَإِلَى اللَّهِ تُرْجَعُ الْأُمُورُ ۝١٠٨

RUKU' 12

Sasambetanipun para Yahudi kaliyan para Muslimin

109. Para Muslimin punika katimbulaken amrih karaharjaning sanès. 110, 111. Boten kénging giris dhateng piawonipun para Yahudi. 112—114. Ingkang saé langka. 115, 116. Kakiyatanipun boten makantuki kanggé nglawan Muslimin. 117—119. Sampun ngantos Muslimin mendhet mitra sinarawèdi dhateng piyambakipun.

109 Sira iku becik-beciking umat, katimbulaké amrih karaharjaning para manusa; sira padha akon marang bener sarta nyegah saka luput apa déné sira padha angèstu ing Allah;[475] lan, yèn ta para pandhèrèking Kitab iku padha angèstua, amasthi tumrap dhèwèké

كُنْتُمْ خَيْرَ أُمَّةٍ أُخْرِجَتْ لِلنَّاسِ تَأْمُرُونَ بِالْمَعْرُوفِ وَتَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَتُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ ۗ وَلَوْ آمَنَ أَهْلُ الْكِتَابِ لَكَانَ خَيْرًا لَهُمْ ۚ

474. *Rai-rai dados pethak* punika ingkang dipun karsakaken *polatan ingkang nandhakaken manawi bingah,* déné *rai-rai sami dados cemeng* punika *polatan ingkang nandhakaken manawi susah* (Rgh-LL). Az nerangaken, manawi tiyang dipun tembungaken *abyad* (pethak), punika mengku kajeng amastani bilih tiyang wau sami resik saking rereged utawi cacad (TA).

475. Para Muslimin punika boten namung dados umatipun Allah pipilihan, ingkang sapunika kadhawuhan dados juru-nyepeng umbul-umbuling yakti ing jagad, nanging ugi kaundhangakaken manawi inggih dados saé-saéning umat ingkang naté kapilih tumrap maksud punika. Sampun boten wonten

مِنْهُمُ الْمُؤْمِنُونَ وَأَكْثَرُهُمُ الْفٰسِقُونَ ﴿١٠٩﴾

dadi luwih becik; ana uga sing padha angèstu, ananging sing luwih akèh padha wong murang yekti.

لَنْ يَضُرُّوكُمْ إِلَّآ أَذًى ۖ وَإِنْ يُقٰتِلُوكُمْ
يُوَلُّوكُمُ الْأَدْبَارَ ۖ ثُمَّ لَا يُنْصَرُونَ ﴿١١٠﴾

110 Dhèwèké ora bakal ambabayani ing sira, kajaba mung amitunani sathithik; manawa perang karo sira bakal mungkur acolong playu sarta ora bakal padha tinulungan.[476]

ضُرِبَتْ عَلَيْهِمُ الذِّلَّةُ أَيْنَ مَا ثُقِفُوٓا إِلَّا
بِحَبْلٍ مِّنَ اللّٰهِ وَحَبْلٍ مِّنَ النَّاسِ وَبَآءُو
بِغَضَبٍ مِّنَ اللّٰهِ وَضُرِبَتْ عَلَيْهِمُ الْمَسْكَنَةُ ۚ
ذٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَانُوا يَكْفُرُونَ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ
وَيَقْتُلُونَ الْأَنْبِيَآءَ بِغَيْرِ حَقٍّ ۚ ذٰلِكَ
بِمَا عَصَوْا وَّكَانُوا يَعْتَدُونَ ﴿١١١﴾

111 Ina digawé akikinthil dhèwèké ana ing endi baé tinemuné, kajaba (manawa) kalawan prajanjian saka ing Allah sarta prajanjian saka manusa, lan wis mungguh olèh bebendhuning Allah, lan asor di gawé akikinthil dhèwèké; mangkono iku amarga saka anggoné padha angafiri timbalan-timbalaning Allah lan anyédani para nabi kalawan ora bener; mangkono iku amarga saka anggoné padha ambangkang lan angliwati wates.[477]

---

semang-semangipun malih ingkang makaten punika boten sanès kajawi margi saking kaluhuranipun Guru Agung, ingkang sampun nucèkaken kalayan sampurna para Muslimin saking leletheg ingkang tumèmplèk ing angganing sagung para manusa tuwin nyampurnakaken papadhang ingkang wonten ing dalem manahipun. Boten naté wonten nabi ingkang makarya wonten ing umat ingkang sakalangkung déning awon kawontenanipun kados Kanjeng Nabi Muhammad, sarta boten naté wonten nabi ingkang anjunjung umatipun dhateng kamulyan ingkang ngantos sakalangkung inggil kados Kanjeng Nabi Muhammad wau.

476. Para titiyang Yahudi ing tanah Arab punika sanajan sampun aprajanjian sekuthon kaliyan para Muslimin, sami anggolong dhateng mengsah-mengsahipun Islam sarta tumut ambudidaya badhé nyirnakaken agami Islam. Nanging para titiyang wau sami boten sami angsal damel anggènipun badhé damel bencana ageng dhateng para Muslimin, sarta samangsa para titiyang wau sami aben-ajeng kanthi ngeblak kaliyan para Muslimn, mesthi sami lumajeng. Para musyrik ingkang sami aprajanji kanthi dedemitan badhé biyantu dhateng piyambakipun, boten naté netepi ubayanipun nyukani pitulungan manawi piyambakipun manggih rekaos.

477. Dhawuh ingkang mèh sami kaliyan punika kawarsitakaken wonten ing 2: 61. Para Yahudi nalika jaman sadèrèngipun rawuh Kanjeng Nabi punika sampun sami nandhang ina ingkang sanget tuwin nandhang asor. Nalika agami Islam lahir, pancènipun makaten para Yahudi wau saged nyaékaken kawontenanipun sarana nampèni janjining Allah, ingkang ateges nganggé agami Islam, utawi sarana damel prajanjian kaliyan tiyang ingkang sakinten saged ngayomi ing kawilujenganipun. Ingkang makaten punika nedahaken bilih para titiyang wau sampun boten badhé dados bangsa ingkang maréntah wonten jagad punika, wangsul badhé lastantun dados bangsa telukan.

112 Ora pisan kabèh padha; para pandhèrèking Kitab ana sagolongan kang jejeg; padha maca timbalan-timbalaning Allah ing wayah bengi sarta padha *sumembah* (ing Panjenenganè).

Ar. *sujud*

لَيْسُوْا سَوَآءً ۗ مِنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ اُمَّةٌ قَآئِمَةٌ يَّتْلُوْنَ اٰيٰتِ اللّٰهِ اٰنَآءَ الَّيْلِ وَهُمْ يَسْجُدُوْنَ ﴿١١٢﴾

113 Padha angèstu ing Allah lan dina akhir sarta padha akon marang bener tuwin nyegah saka luput apa déné padha arebut dhucung ing kabecikan, lan iki kagolong para wong tulus.

يُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ وَيَاْمُرُوْنَ بِالْمَعْرُوْفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَيُسَارِعُوْنَ فِى الْخَيْرٰتِ ۗ وَاُولٰٓئِكَ مِنَ الصّٰلِحِيْنَ ﴿١١٣﴾

114 Lan sabarang kabecikan padha dilakoni, iku dhèwèké ora bakal padha disélaki, lan Allah iku anguningani marang para wong bekti.[478]

وَمَا يَفْعَلُوْا مِنْ خَيْرٍ فَلَنْ يُّكْفَرُوْهُ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ ۢ بِالْمُتَّقِيْنَ ﴿١١٤﴾

115 Sayekti, (tumrapé) para kang kafir, bandha-bandhané lan anak-anaké ora makolèhi ing awaké sathithik-thithika kanggo nulak Allah; lan iki wong-wonging geni; padha ana ing kono olèhé manggon.

اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَنْ تُغْنِىَ عَنْهُمْ اَمْوَالُهُمْ وَلَآ اَوْلَادُهُمْ مِّنَ اللّٰهِ شَيْئًا ۗ وَاُولٰٓئِكَ اَصْحٰبُ النَّارِ ۚ هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ﴿١١٥﴾

---

478. Kathah leresipun pamanggih ingkang mastani bilih wiwit ayat 112 dumugi ing ngriki punika ingkang dipun pangandikakaken déning Quran Suci tiyang saé ing antawisipun para Yahudi tuwin para Nasrani, dados sanès ingkang sampun ngrasuk agami Islam, jalaran tiyang Muslimin boten saged winastan *sagolongan saking èwonipun para pandhèrèking Kitab*. Pancèn nyata, Quran boten nyélaki kasaènan ingkang wonten ing ngasanès. Kaluhuranipun Quran piyambak ingkang ngantos ngungkuli sanès-sanèsipun, punika saking anggènipun kawasa damel tiyang saged anggayuh kasaènan ingkang kalayan sampurna sayektos. Inggih awit saking punika, mila dhawuh ingkang nerangaken pandhèrèking Kitab sagolongan ingkang sami jejeg, punika dipun pungkasi kalayan dhawuh ingkang mungel: *Lan sabarang kabecikan kang padha dilakoni, iku dhèwèké ora bakal disélaki.* Para pandhèrèking Kitab punika sakedhik sanget ingkang kénging winastan "jejeg," manawi katimbang kaliyan ingkang kathah-kathah, ingkang sami murang yakti (ayat 109), makaten ugi para titiyang wau sami boten saged anggayuh "jejeg" ingkang kalayan sampurna saèstu.

Pantes pinèngetan bilih dhawuh ingkang mangalembana dhateng tiyang saé ing antawisipun para Yahudi, punika kagolong ing jaman nalika para titiyang Yahudi kalayan dhedhemitan sami anggolong dhateng para mengsahipun titiyang Muslimin, tuwin kalayan ngeblak nglahiraken raosipun panggething. Punika anedahaken bilih Islam punika adil sanget garapipun, nadyan dhateng mengsahipun ingkang ageng-ageng. Namung limrahipun para mufassirin sami anggadhahi pamanggih bilih ingkang kapangandikaken ing ngriki punika para Yahudi tuwin para Nasrani ingkang sami angrasuk Islam (Rz).

مَثَلُ مَا يُنْفِقُوْنَ فِيْ هٰذِهِ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا
كَمَثَلِ رِيْحٍ فِيْهَا صِرٌّ اَصَابَتْ حَرْثَ
قَوْمٍ ظَلَمُوْٓا اَنْفُسَهُمْ فَاَهْلَكَتْهُ ؕ وَمَا ظَلَمَهُمُ
اللّٰهُ وَلٰكِنْ اَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُوْنَ ﴿١١٧﴾

116 Sanépané apa kang padha diwèwèhaké ana ing kauripan donya iki, kaya sanépaning angin kang angemu adhem banget, anempuh tatandurané kaum kang padha atindak dudu marang jiwané, amasthi angrusakaké; lan Allah ora atindak dudu marang dhèwèké, ananging dhèwèké kang padha tindak dudu marang jiwané dhéwé.[479]

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَتَّخِذُوْا بِطَانَةً
مِّنْ دُوْنِكُمْ لَا يَاْلُوْنَكُمْ خَبَالًا ؕ وَدُّوْا مَا
عَنِتُّمْ ۚ قَدْ بَدَتِ الْبَغْضَآءُ مِنْ اَفْوَاهِهِمْ ۖۚ
وَمَا تُخْفِيْ صُدُوْرُهُمْ اَكْبَرُ ؕ قَدْ بَيَّنَّا
لَكُمُ الْاٰيٰتِ اِنْ كُنْتُمْ تَعْقِلُوْنَ ﴿١١٨﴾

117 É, para kang padha angèstu! aja padha apèk mitra sinarawèdi saka saliyané rowangira dhéwé.[480] Ora wurung agawé pituna ing sira; padha demen sabarang kang anusahaké sira; gethingé kang abanget temen wis kalahir saka ing cangkem-cangkemé, lan apa kang diendhem déning dhadhané iku luwih gedhé; temen Ingsun wus anggenahaké timbalan-timbalan iku, manawa sira padha ngerti.

هٰٓاَنْتُمْ اُولَآءِ تُحِبُّوْنَهُمْ وَلَا يُحِبُّوْنَكُمْ
وَتُؤْمِنُوْنَ بِالْكِتٰبِ كُلِّهٖ ۚ وَاِذَا لَقُوْكُمْ

118 Coba, ta! sira iku kang padha dhemen marang dhèwèké, kang mangka dhèwèké padha ora dhemen marang sira,[481] sarta sira padha angèstu ing Kitab sakabèhané; lan manawa padha katemu

479. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika anggènipun boten angsal damel para mengsahing Islam, ingkang tansah kawecakaken ing dalem Quran Suci, sanépa punika sami kaliyan ingkang kasebut ing 60: 17–33

480. Dhawuh ingkang ngawisi mimitran kaliyan sanèsipun tiyang Muslimin, punika kedah kacundhukaken kalayan dhawuh ing 60: 8, 9: "Tumrap para kang ora merangi sira karana agamanira sarta ora nundhung sira saka padununganira, Allah ora anglarangi sira yèn sira agawé becik lan atindak jejeg marang dhèwèké; sayekti Allah iku remen marang wong kang atindak jejeg. Mung Allah iku anglarangi sira mimitran karo para kang merangi sira karana agaminira sarta nundhung sira saka padununganira apa déné para kang ambantu nundhung ing sira." Ayat kakalih punika masang wawaton kanggé mranata sasambetipun titiyang Muslimin kaliyan titiyang ingkang sanès Muslimin. Ayat-ayat ingkang sampun tuwin ayat-ayat candhakipun anedahaken bilih kaum Yahudi sami biyantu para mengsahing Islam merangi para Muslimin. Awit saking punika para Muslimin dipun pèpèngeti sampun ngantos mimitran kalayan raket lan sinarawèdi kaliyan piyambakipun.

481. Ayat punika nedahaken kalayan terang rekaos ingkang dipun panggih para Muslimin manawi sasambetan kaliyan titiyang sanès Islam sacara mitra tuwin kalayan adhadhasar katresnan. Titiyang

karo sira, padha calathu: Aku iki padha angèstu; lan manawa padha dhèwèkan, padha anggeget-geget pucuking darijiné saking nesuné marang sira. Calathua: Padha matia kalawan nesunira; sayekti Allah iku anguningani apa kang ana sajroning dhadha-dhadha(-né).

قَالُوٓا ءَامَنَّا وَإِذَا خَلَوْا عَضُّوا عَلَيْكُمُ الْأَنَامِلَ مِنَ الْغَيْظِ ۚ قُلْ مُوتُوا بِغَيْظِكُمْ ۗ إِنَّ اللّٰهَ عَلِيمٌۢ بِذَاتِ الصُّدُورِ ﴿١١٩﴾

119 Manawa becik tumiba ing sira, padha sedhih (atiné), lan manawa ala angenani ing sira, iki ambungahaké (atiné) kabèh; lan manawa sira padha sabar sarta padha bekti, *perangé*[a] ora bakal ambabayani ing sira sathithik-thithika; sayekti Allah iku anglimputi sabarang kang padha sira lakoni.

Ut. *ranca-ngané*
a. 965

إِنْ تَمْسَسْكُمْ حَسَنَةٌ تَسُؤْهُمْ وَإِنْ تُصِبْكُمْ سَيِّئَةٌ يَفْرَحُوا بِهَا ۖ وَإِنْ تَصْبِرُوا وَتَتَّقُوا لَا يَضُرُّكُمْ كَيْدُهُمْ شَيْئًا ۗ إِنَّ اللّٰهَ بِمَا يَعْمَلُونَ مُحِيطٌ ﴿١٢٠﴾

RUKU' 13

Perang ing Uhud

120. Sadhiya. 121. Wonten ingkang telas manahipun. 122. Pitulungipun Allah wonten ing paprangan ing Badr. 123-126. Tegesipun pitulungipun Allah mawi malaikat. 127, 128. Pangapuntenipun Allah.

120 Lan nalikané gagat bangun sira pangkat saka ing kulawarganira, arep anetepaké anggoné makuwon para kang padha angèstu, perlu arep perang; – lan Allah iku Amiyarsa, Angudanèni.[482]

وَإِذْ غَدَوْتَ مِنْ أَهْلِكَ تُبَوِّئُ الْمُؤْمِنِينَ مَقَاعِدَ لِلْقِتَالِ ۗ وَاللّٰهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿١٢١﴾

Muslimin tansah dhangan ngajak mimitran, nanging ingkang dipun ajak mimitran wau jebul tansah ngupados margi badhé damel pituna dhateng para Muslimin, makaten ugi anggènipun para Muslimin sarwa barès-kurès, punika jebul malah winales ing cidra tuwin cilaka.

482. Ingkang karembag ing ruku' punika tuwin ing ruku' candhakipun, punika lalampahan perang ing redi Uhud. Nalika taun Hijrah ingkang kaping tiga, Abu Sofyan nindhihi wadyabala cacah tigang èwu jiwa nglurug dhateng nagari Madinah. Wadyabala lerem wonten ing redi Uhud, watawis sekawan mil tebihipun saking nagari Madinah. Ing sakawit karsanipun Kanjeng Nabi tetep wonten ing salebeting kitha, nanging wasananipun saèstu methukakaken dhateng sajawining kitha, kalayan kadhèrèkaken tiyang sèwu, nanging ingkang sapratigan, ingkang dipun pangagengi déning Abdullah bin Ubaiy, gembonging para lamis, ngucira wangsul dhateng kitha Madinah. Ing sakawit wadyabala mengsah asor yudanipun, nanging prajurit sikep jemparing Muslimin cacah sèket jiwa ingkang sami pacak baris wonten ing satunggaling panggènan ingkang santosa perlu kapacak nyegat unduring mengsah, sami kalèntu trajangipun, inggih punika sami tumut ambujeng mengsah, nilar papan panjaginipun. Wadyabala Muslimin ingkang ing wekdal wau bibrah ing gelaring prangipun tuwin kécalan papan pabarisanipun ingkang mangka bèbètèng gentos dipun tempuh déning mengsah. Sasampunipun damel pepejah

121 Ing nalikané ana kancanira rong golongan[483] kang sumedya arep padha ngucira, lan Allah iku Sing-Ngreksa sakaroné iku; mulané marang Allah kuduné suméndhéné para kang padha angèstu.[484]

إِذْ هَمَّتْ طَّآئِفَتَانِ مِنكُمْ أَن تَفْشَلَا وَاللَّهُ وَلِيُّهُمَا ۗ وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ ﴿١٢١﴾

122 Lan sayekti Allah temen wis mitulungi sira ing Badr, kang mangka sira sarwa konthit; mulané padha di bekti ing Allah, darapon sira padha atur panuwun.

وَلَقَدْ نَصَرَكُمُ اللَّهُ بِبَدْرٍ وَأَنتُمْ أَذِلَّةٌ ۖ فَاتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿١٢٢﴾

123 Nalika sira acalathu marang para kang padha angèstu: Apa ora nyukupi tumrap marang sira, anggoné Pangéranira angréwangi sira kalawan malaikat telung èwu kang padha diturunaké?[485]

إِذْ تَقُولُ لِلْمُؤْمِنِينَ أَلَن يَكْفِيَكُمْ أَن يُمِدَّكُمْ رَبُّكُم بِثَلَاثَةِ آلَافٍ مِّنَ الْمَلَائِكَةِ مُنزَلِينَ ﴿١٢٣﴾

---

sawatawis ing antawisipun para Muslimin, wadyabala mengsah lajeng tilar gelanggang acolong playu kalayan wilujeng saking pambujengipun prajurit Muslimin. Nalika perang Uhud wau titiyang Quraisy boten nama angsal kamenangan, jalaran nalika titiyang Quraisy anyumerepi titiyang Muslimin sami katlèyèk, titiyang Quraisy rumaos langkung aman manawi mundur kémawon. Nanging tumrap para Muslimin ugi nama boten angsal kamenangan, jalaran nalika punika kaum Muslimin inggih boten kuwaos nglajengaken anggènipun ambujeng mengsah, sanajan énjingipun para Muslimin ngayati malih, nanging sampun kadaluwarsa. Saupami titiyang Quraisy unggul yudanipun, apesipun titiyang Quraisy mesthi angsal boyongan tiyang Muslimin boten kètang sakedhik. Nanging nyatanipun titiyang wau sami boten saged amboyong tiyang satunggal-satunggala, makaten ugi inggih boten wantun nempuh dhateng nagari Madinah, mangka punika sajatosipun ingkang kasedya nalika ngangkataken prajurit wau. Ing pawingkingipun, inggih punika let kalih taun malih, para titiyang Qurais ngempalaken wadyabala ngantos sadasa èwu jiwa kanggé nempuh Madinah.

483. Ingkang dipun karsakaken punika pancer *Banu Salmâh* lan *Banu Hâritsah* (Bkh).

484. Punika nedahaken bilih para titiyang wau boten saèstu ngucira. Minggatipun Abdullah Bin Ubaiy lan titiyangipun tigangatus saking wadyabala Muslimin, punika mahanani sawenèh tiyang Muslimin gadhah gagasan badhé tumut-tumut minggat, labet saking rumaos karoban mengsah. Nanging kados déné ingkang kadhawuhaken ing ayat Quran punika, para titiyang wau ing wasananipun boten saèstu ngucira.

485. Prajuriting mengsah namung wonten sèwu jiwa, tuwin kasebutaken manawi katurunan malaikat sèwu (8: 9). Kanyataanipun janji punika kasebut ing ayat 151. Punapa ta maksud tumurunipun malaikat punika? Bab punika katerangaken kalayan panjang wonten ing surat ingkang kaping 8, nalika ngrembag janji tumurunipun malaikat nalika ing perang Badar. Kados déné ingkang kasebut ing ayat punika, ing sakawit kasebutken bilih janji wau kaparingaken namung supados dados "pawarta bubungah sarta supaya, sarana iki, atinira dadi anteng; lan ora liya kamenangan iku kajaba saka ngarsaning Allah" (8: 10). Ayat candhakipun lajeng nyethakaken maksudipun: "Nalika Panjenengané anurunaké anteng marang sira minangka tumekaning aman saka Panjenengané, tuwin anurunaké banyu saka ing mendung marang sira, amrih Panjenengané anucèni sira asarana iku, sarta ambirat leletheking sétan saka ing sira, lan amrih Panjenengané ngukuhaké marang atinira tuwin — asarana iku — anetepaké dalamakanira." Dados maksud tumurunipun malaikat punika perlu kanggé angiyataken para Muslimin sarana ngleresaken pacak-barisipun wonten ing papan pabaratan punapa déné sarana ngiyataken manahipun, sarta bab punika kadhawuhaken langkung cetha malih makaten wau, sarta miris sampun

124 O, manawa sira padha teteg lan padha bekti, sarta dhèwèké padha dumrojog anekani sira, Pangéranira bakal angréwangi sira kalawan malaikat pangrusak limang èwu.[486]

بَلَىٰٓ ۚ إِن تَصْبِرُوا۟ وَتَتَّقُوا۟ وَيَأْتُوكُم مِّن فَوْرِهِمْ هَـٰذَا يُمْدِدْكُمْ رَبُّكُم بِخَمْسَةِ ءَالَـٰفٍ مِّنَ ٱلْمَلَـٰٓئِكَةِ مُسَوِّمِينَ ﴿١٢٤﴾

125 Lan iki (karsaning) Allah ora liya kajaba didamel pawarta bubungah tumrap marang sira lan supaya iki andadèkaké tentreming ati-atinira lan pitulung iku ora liya kajaba saka ngarsaning Allah, Ingkang-Minulya, Ingkang-Wicaksana,

وَمَا جَعَلَهُ ٱللَّهُ إِلَّا بُشْرَىٰ لَكُمْ وَلِتَطْمَئِنَّ قُلُوبُكُم بِهِۦ ۗ وَمَا ٱلنَّصْرُ إِلَّا مِنْ عِندِ ٱللَّهِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْحَكِيمِ ﴿١٢٥﴾

Ut. *para lulurahé*

126 Amrih Panjenengané amedhot *sapérangané* para kang padha kafir utawa angasoraké, dadi dhèwèké banjur padha bali, ora kalakon karepé.[487]

لِيَقْطَعَ طَرَفًا مِّنَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ أَوْ يَكْبِتَهُمْ فَيَنقَلِبُوا۟ خَآئِبِينَ ﴿١٢٦﴾

---

kadèkèk wonten ing manahipun mengsah, maksud tumurunipun para malaikat nama sampun kadumugèn, wadyabala Muslimin ingkang namung sakedhik cacahipun punika lajeng saged "nigas" jongga tuwin "mrutuli sadaya pucuking drijinipun" (8: 12) mengsah ingkang kathahipun tikel tiganipun.

486. Tembung ingkang kagem ing dalem ayat punika *musawwim* boten *musawwam*, sarta punika saking: سوم على قوم ingkang tegesipun *anggebrag kapalipun nempuh dhateng kaum tuwin adamel risak ing ngriku.* Dados tembung *musawwin* punika *pangrusak.* Pitulungipun para malaikat ingkang kasebutaken ing ayat punika, punika ingkang dipun karsakaken nalika peperangan ingkang kaping tiga, inggih punika nalika dhatenging mengsah "dumrojog," sadaya pancer sami ngempal dados satunggal kaliyan para titiyang Quraisy, sumedya ngremuk kaum Muslimin. Punika kelampahan nalika perang *Ahzab*, utawi Sekuthon, inggih punika nalika tiyang sadasa èwu jiwa kalayan dumadakan nempuh nagari Madinah. Wadyabala samanten kathahipun kathèthèran, mangka titiyang Muslimin namung wonten watawis sèwu jiwa, punika terang manawi awit saking pitulungipun Pangéran blaka.

487. Sanajan maksudipun para kafir merangi para Muslimin punika badhé numpes kaum Muslimin, suprandéné ing ngriki kaum Muslimin dipun pangandikani bilih karsanipun Pangéran midana para titiyang kafir sarana perang, punika boten kok badhé numpes titiyang kafir wau, wangsul namung badhé amedhot sapérangan, inggih punika para panuntunipun awon tuwin para sesepuhipun. Tembung *tharaf* punika ateges *sapérangan* utawi *sabagéan* (Rgh). Awit saking punika tembung wau lajeng kanggé anembungaken *tiyang sagolongan,* sarta *gugununganipun tiyang.* LL negesi tembung اطراف الارض *para luhur* utawi *minulya tuwin para saged ing bumi.* Manawi para panuntuning wisuna sampun pinedhot, kakantunanipun mesthi lajeng kemba anggènipun badhé andumugèkaken maksudipun numpes Islam, temahan panyiya-nyiya inggih lajeng kèndel. Ayat sambetipun ngiyataken panyuraos punika. Dhawuh ingkang nerangaken para mengsah sami wangsul kalayan *ora kalakon karepé* ing peperangan punika, punika nedahaken kanthi terang bilih para titiyang wau boten sami angsal damel utawi boten sami angsal kamenangan wonten ing paprangan. Sénapatinipun mengsah ingkang peng-pengan, Khalid, ngrasuk agami Islam nalika panjenenganipun wau wangsul dhateng Makkah.

127 Ora mèlu apa-apa sira ingatasé prakara iku, apa Panjenengané bali (wilasané) marang dhèwèké apa aniksa, amarga, sayekti dhèwèké iku wong kang padha atindak dudu.[488]

لَيْسَ لَكَ مِنَ الْاَمْرِ شَیْءٌ اَوْ يَتُوْبَ عَلَيْهِمْ اَوْ يُعَذِّبَهُمْ فَاِنَّهُمْ ظٰلِمُوْنَ ﴿١٢٧﴾

128 Lan samubarang ing langit-langit lan samubarang ing bumi iku kagunganing Allah; Panjenengané angapunten marang sapa sing dadi kapareng-É sarta aniksa sapa sing dadi kapareng-É; lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[489]

وَلِلّٰهِ مَا فِی السَّمٰوٰتِ وَمَا فِی الْاَرْضِ يَغْفِرُ لِمَنْ يَّشَآءُ وَيُعَذِّبُ مَنْ يَّشَآءُ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿١٢٨﴾

RUKU' 14

Kados pundi sagedipun angsal kamenangan

129—138**.** Nyirik lampah nganggé prajanjian mawi riba', ambangun turut dhateng Utusan, loma amèwèhaken bandha karana agami, sarta sami momot wengku-winengku, tuwin nyuwun pangayomanipun Pangéran, punapa déné nyinau sabab-sababipun minggah mandhapipun bangsa-bangsa, punika wekasanipun saged anggayuh kamenangan. 139. Kapitunanipun mengsah sampun dhumawah. 140—142. Kapitunan ing paprangan ing Uhud punika dados panyilah.

129 É, para kang padha angèstu! aja sira padha mangan riba', *tansah mundhak-mundhak*[490] lan padha dibekti ing Allah, darapon sira padha begja.

Ut. *tikel matikel*

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَاْكُلُوا الرِّبٰوٓا اَضْعَافًا مُّضٰعَفَةً وَاتَّقُوا اللّٰهَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ ﴿١٢٩﴾

488. Pantes pinèngetan, ing sagemblenging Quran Suci, wilasa punika dhawah angka satunggal. Rèhné Kanjeng Nabi Punika inggih manusa limrah, saged ugi ing satunggaling wekdal panjenenganipun sok kagungan panggalih, bilih dosanipun para mengsah ingkang ageng punika mesthi badhé mahanani dhumawahing siksa dhateng piyambakipun, ingkang saged anjalari tumpesipun. Nanging panjenenganipun dipun pangandikani kalayan sabda pangandika ingkang terang lan cetha, bilih panjenenganipun punika boten tumut punapa-punapa ing atasipun bab prakawis punika, jalaran saged ugi Allah badhé maringi pangapunten dhateng para titiyang wau, *amarga sayekti dhèwèké iku wong kang padha atindak dudu.* Menggah ing sajatos-jatosipun, sabab ingkang kanggé jalaran paring sih-wilasa wau, pancènipun rak malah dados jalaran andhawahaken pidhana; suprandéné boten, jalaran tresna sih-wilasanipun Pangéran dhateng manusa punika sakalangkung ageng, ngantos boten wonten satunggal punapa ingkang saged ngalang-alangi anggènipun Pangéran badhé mitedhakaken sih-wilasa-Nipun. Sih-wilasaning Pangéran ingkang anyrambahi, kados ingkang kawarsitakaken ing dalem ayat punika, ing dalem kitab-kitab suci boten wonten ingkang nyamèni.

489. Wontenipun sifat Mahaasihipun Allah kasebutaken, punika perlu kanggé anedahaken bilih sanajan durakanipun ageng lan kathah sanget, pantes kadhawahan pidhana, éwadéné Panjenenganipun taksih kapareng ngapunten, awit Panjenenganipun punika Mahaasih.

490. Tembungipun ingkang asli اَضْعَافًا مُّضٰعَفَةً tegesipun ingkang lugu: *tikelan ditikelaké.*

130 Lan padha jaga-jagaa ing geni kang disedhiyakaké marang para wong kafir.

وَاتَّقُوا النَّارَ الَّتِيْٓ اُعِدَّتْ لِلْكٰفِرِيْنَ ۚ ﴿١٣٠﴾

131 Sarta padha ambangun turuta ing Allah tuwin utusan, darapon sira padha pinaringan wilasa.[491]

وَاَطِيْعُوا اللّٰهَ وَالرَّسُوْلَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُوْنَ ۚ ﴿١٣١﴾

132 Lan padha gagancangana marang paramartaning Pangéranira lan (marang) taman kang jembaré (padha karo) langit-langit lan bumi,[a] kang disadhiyakaké marang para kang padha bekti:

a. 2454A

وَسَارِعُوْٓا اِلٰى مَغْفِرَةٍ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَجَنَّةٍ عَرْضُهَا السَّمٰوٰتُ وَالْاَرْضُ ۙ اُعِدَّتْ لِلْمُتَّقِيْنَ ۙ ﴿١٣٢﴾

133 Kang padha wèwèh kalawan legawa ing sajroning kaombèran lan karupekan lan padha angendhalèni nesu(-né) sarta *angapura* marang manusa;

Ar. *sing ngapura*

الَّذِيْنَ يُنْفِقُوْنَ فِى السَّرَّآءِ وَالضَّرَّآءِ وَالْكٰظِمِيْنَ الْغَيْظَ وَالْعَافِيْنَ عَنِ النَّاسِ ۗ

Déné raos ingkang sumimpen ing tembung *tadl'if* wau: *mewahi satunggaling barang ngantos barang wau dados tikel kalih utawi pinten-pinten* (LL). Sarèhning tembung *adl'af* punika *jama' qillah*, mila lajeng dipun tungka ing tembung *mudlâ'afah*, supados mengku suraos langkung sanget (AH). Cara ingkang tumindhak ing tanah Arab, sareman dipun campur, inggih punika pungkasaning wawangenipun sambutan, saremanipun dipun gamblokakakn dhateng arta babon, dadosipun ing sawatawis taun kémawon babonipun sampun tikel-matikel kathah sanget. Prayogi ugi katerangaken pisan ing ngriki bilih ingkang nyambuti mawi sareman, punika boten namung nyambut mawi sareman kémawon, nanging nyambuti mawi sareman, punika ugi dipun awisi. Ambokmanawi kémawon karajan-karajan Islam punika boten ngantos nemahi karisakan, saupami boten sami nyambut arta mawi sareman saking umat sanès, ingkang inggih awit saking sambutanipun wau bangsa ngamanca lajeng gadhah jalaran nyampuri urusanipun. Boten kètang sakedhik, punika nedahaken gandhèngipun bab riba' kasebutaken sasambetan kaliyan bab perang. Éwadéné inggih taksih wonten malih sabab sanèsipun, déné bab riba' kasebutaken sasambetan kaliyan bab perang. Makaten kateranganipun: Nadyan titiyang Muslimin kaliyan titiyang sanès Muslimin saweg anggenting sasambetanipun, éwadéné titiyang Muslimin lastantun sami sasatungan nyambut damel kaliyan titiyang sanès Muslimin kalayan mawi riba'. Ingkang makaten punika kajawi nama ngilèkaken medal artanipun umat Islam ingkang boten sakedhik, ugi saged anuwuhaken pakèwed tumrap babagan pulitik, wonten ing salebetipun kawontenan perang ingkang kelampahan nalika wekdal wau, mangka bangsa Yahudi ingkang sampun kaloka bangsa tukang nyambutaken arta, punika ugi kagolong dados mengsahipun Islam. Langkung-langkung, rèhning surat punika mligi ngrembag bab titiyang Yahudi, para Muslimin dipun pèpèngeti, sampun ngantos sami celak-celak kaliyan sadaya piawon ingkang sampun nyuremaken sifat-sifatipun ingkang saé bangsa Yahudi, sawenèhipun kadosta riba'.

491. Kapitunènipun titiyang Muslimin wonten ing perang Uhud, punika margi saking ambadal préntah anjagi sawenèhing panggénan; inggih punika, margi nulayani dhawuhipun Kanjeng Nabi anjagi papan wau, prajurit Makkah ingkang pancènipun sampun mundur lajeng ambalik nempuh para Muslimin ingkang ambujeng, temah wadyabala Muslimin sami gègèr apuyengan, kathah tiyang Muslimin ingkang tiwas, malah Kanjeng Nabi piyambak ugi nandhang kanin.

lan Allah iku remen marang wong kang padha agawé becik (ing liyan).[492]

والله يحب المحسنين ﴿١٣٥﴾

Ar. *kang mangka padha weruh*

134 Lan para kang nalikané padha anglakoni panggawé kang ora pantes utawa atindak dudu marang jiwané dhéwé banjur padha éling ing Allah nuli padha nyuwun panga-pura ing kaluputané – lan sapa ta sing angapura ing kaluputan kajaba Allah? – sarta (sing) ora *jaragan* andadra marang apa kang padha dilakoni.

والذين إذا فعلوا فاحشة أو ظلموا أنفسهم ذكروا الله فاستغفروا لذنوبهم ومن يغفر الذنوب إلا الله ولم يصروا على ما فعلوا وهم يعلمون ﴿١٣٦﴾

Ar. *ngisoré*

135 (Tumrapé) iki – wawalesé yaiku pangapura saka Pangérané, sarta taman-taman kang kali-kaliné ing *jeroné* padha mili, padha manggon ana ing kono lan, linuwih ganjarané wong kang padha tumandang gawé.

أولئك جزاؤهم مغفرة من ربهم وجنات تجري من تحتها الأنهار خالدين فيها ونعم أجر العاملين ﴿١٣٧﴾

Ut. *dadalan*

136 Sayekti akèh *tepa tula-dha*[493] kang wis kalakon ing sadurungira; mulané padha lulu-ngana ana ing bumi banjur padha andelenga, kapriyé wusanané para kang padha anggorohaké.

قد خلت من قبلكم سنن فسيروا في الأرض فانظروا كيف كان عاقبة المكذبين ﴿١٣٨﴾

492. Ngendhalèni nesu, ngapunten, tuwin damel kasaénan dhateng ngasanès, punika ngiyataken tatangsuling karukunan, ingkang dipun betahaken sanget tumrap anggayuh kamenangan. Asring sanget ayat punika niyupaken kasabaran lan kaloman. Abdinipun Bagéndha Hasan, kawula tumbasan, margi maos ayat punika angsal kamardikan lan angsal arta pasangon. Andharanipun makaten: ing satunggaling wekdal, abdi wau andhawahi Bagéndha Hasan kwali ingkang isi daharan ingkang taksih benter amongah-mongah. Margi rumaos manawi badhé tampi pidhana awit saking kalepatan wau, piyambakipun lajeng maos marambah-rambah ayat ingkang mungel: "Kang padha ngendhalèni nesuné." Bagéndha Hasan ngandika bilih panjenenganipun boten duka. Pun abdi maos: "Sarta ngapura marang manusa." Bagéndha Hasan ngandika: "Aku ngapura ing kowé." Abdi nglajengaken pamaosipun: "Lan Allah iku remen marang wong kang padha agawé becik." Bagéndha Hasan ngandika: "Aku mardikakaké kowé lan mènèhi kowé duwit salaka patangatus." Lalampahan punika déning tuwin Salé dipun wastani: "Tuladha kasabaran lan kaloman ingkang adiluhung."

493. Sunan punika jama'-ipun tembung sunnah, tegesipun: margi utawi tatanan utawi caraning panindak utawi pratingkah utawi lalampahanipun tiyang gesang utawi sasaminipun (LL). Mila ing ngriki ateges margi utawi tepa tuladha bab garapipun Allah dhateng para tulus tuwin para duraka (Bd).

137 Iki katerangan kang cetha tumrap para manusa sarta tuntunan tuwin pitutur tumrap para wong bekti.

هٰذَا بَيَانٌ لِّلنَّاسِ وَهُدًى وَّمَوْعِظَةٌ لِّلْمُتَّقِيْنَ ﴿١٣٧﴾

138 Lan aja padha nglumpruk sarta aja padha miris, lan sira bakal padha unggul manawa sira padha wong angèstu.

وَلَا تَهِنُوْا وَلَا تَحْزَنُوْا وَاَنْتُمُ الْاَعْلَوْنَ اِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ﴿١٣٨﴾

139 Manawa tatu angenani ing sira, lah sayekti tatu sapadhané iku iya angenani golongan (para kafir), lan ing dina-dina iki Ingsun agawé gilir-gumanti antarané para manusa, lan supaya Allah anguninganana[494] para kang padha angèstu sarta arsa amundhut para *syahid* saka ing sira; lan Allah iku ora remen marang para kang atindak dudu,

Ut. *saksi*

اِنْ يَّمْسَسْكُمْ قَرْحٌ فَقَدْ مَسَّ الْقَوْمَ قَرْحٌ مِّثْلُهٗ ۗ وَتِلْكَ الْاَيَّامُ نُدَاوِلُهَا بَيْنَ النَّاسِ ۚ وَلِيَعْلَمَ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَيَتَّخِذَ مِنْكُمْ شُهَدَآءَ ۗ وَاللّٰهُ لَا يُحِبُّ الظّٰلِمِيْنَ ﴿١٣٩﴾

140 Lan amrih Allah amurnèkaké para kang padha angèstu tuwin anyirnakaké para kafir.

وَلِيُمَحِّصَ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَيَمْحَقَ الْكٰفِرِيْنَ ﴿١٤٠﴾

141 Apa sira padha ngira bakal padha malebu ing taman, kang mangka Allah durung amirsani[a] sapa sira kang padha anyarempeng perangé sarta (durung) mirsani para kang padha sabar?[b]

a. 494

b. *kacocogna* 2: 214

اَمْ حَسِبْتُمْ اَنْ تَدْخُلُوا الْجَنَّةَ وَلَمَّا يَعْلَمِ اللّٰهُ الَّذِيْنَ جٰهَدُوْا مِنْكُمْ وَيَعْلَمَ الصّٰبِرِيْنَ ﴿١٤١﴾

142 Lan sayekti sira temen padha angajab-ajab pati ing sadurunge *tumiba ing sira*; lah sayekti iki sira padha weruh sarta (iki) sira padha ngingeti.[495]

Ut. *sira katemu*

وَلَقَدْ كُنْتُمْ تَمَنَّوْنَ الْمَوْتَ مِنْ قَبْلِ اَنْ تَلْقَوْهُ ۖ فَقَدْ رَاَيْتُمُوْهُ وَاَنْتُمْ تَنْظُرُوْنَ ﴿١٤٢﴾

---

494. Allah nguningani sadaya barang ingkang satmata lan ingkang boten satmata punapa déné nguningani barang ingkang kawedhar utawi ingkang kasingidaken, punika kasebutaken marambah-rambah wonten ing dalem Quran Suci. Tembung *nguningani* ing ayat ngriki tuwin *durung amirsani* ing ayat 141, punika ingkang dipun karsakaken mirsani ing salwiring lalampahan. Allah amirsani sinten *ingkang pranyata* mukmin, inggih punika ingkang purun nyarempeng wonten ing margi-Nipun, tuwin sinten ingkang satuhu sabar nalika manggih cobi. Nanging tiyang ingkang *pranyata* mukmin *saèstu,* ingkang purun nyarempeng *saèstu*, tuwin ingkang sabar *saèstu* nalika nandhang, punika sadaya sagedipun winastan kapirsanan ngemungaken manawi sadaya wau sampun kelampahan saèstu.

495. Ingkang dipun karsakaken punika para titiyang ingkang puguh nyuwun supados para Musli-

RUKU’ 15

Tetep santosa ing salebeting nandhang sangsara

143, 144. Sédanipun Kanjeng Nabi boten saged dados jalaranipun para Muslimin dhumawah ing awon tuwin panyembah brahala. 145—147. Para mitranipun Kanjeng Nabi boten remuk déning kasasangran.

143 Lan ora liya Muhammad iku kajaba mung Utusan; sanyata wis padha mati para utusan ing sadurungé;[496] lah manawa dhèwèké mati utawa dipatèni, apa sira padha ambalik ing tungkak-tungkakira? Lan sapa sing ambalik ing tungkaké, lah ora pisan-pisan iku ambabayani marang Allah; lan Allah bakal angganjar marang para kang padha weruh ing panarima.[497]

وَمَا مُحَمَّدٌ إِلَّا رَسُولٌ ۚ قَدْ خَلَتْ مِن
قَبْلِهِ الرُّسُلُ ۗ أَفَإِن مَّاتَ أَوْ قُتِلَ
انقَلَبْتُمْ عَلَىٰ أَعْقَابِكُمْ ۗ وَمَن يَنقَلِبْ
عَلَىٰ عَقِبَيْهِ فَلَن يَضُرَّ اللَّهَ شَيْئًا ۗ
وَسَيَجْزِي اللَّهُ الشَّاكِرِينَ ﴿١٤٣﴾

144 Lan sawijining jiwa ora ana bisa mati kajaba kalawan idining Allah; semayané wis tinamtu;[498] lan sapa sing kapéngin ganjaran donya, iki iya bakal Ingsun paring-

وَمَا كَانَ لِنَفْسٍ أَن تَمُوتَ إِلَّا بِإِذْنِ اللَّهِ
كِتَابًا مُّؤَجَّلًا ۗ وَمَن يُرِدْ ثَوَابَ الدُّنْيَا نُؤْتِهِ

min medal dhateng sajawining kitha anggènipun mapagaken mengsah, mangka karsanipun Kanjeng Nabi para Muslimin sami lumawan wonten ing salebetipun kitha Madinah kémawon. Kapi-adrengipun para titiyang wau perang kaliyan mengsah utawi pinrajaya karana nglabuhi yakti, punika winastan ngajab-ajab *pati*, jalaran punika prakawis pejah.

496. Nalika perang Uhud Kanjeng Nabi nandhang kanin ingkang sanget, ngantos kakinten manawi panjenenganipun nemahi séda. Lah punika karsanipun ayat punika. Nadyan upaminipun Kanjeng Nabi nemahi séda pisan, para Muslimin boten kok badhé ambalik dhateng agaminipun lami awit Islam punika ngungkuli sadaya agami. Yakti punika tetep yakti, nadyan upaminipun pambélaning yakti wau tiwas wonten ing paperangan, yakti boten kénging dipun lirwakaken. Makaten ugi panggorohan lan gugon-tuhon, punika inggih boten kénging dipun tampi, nadyan ing sawatawis wekdal pambélanipun menang.

Kajawi ayat punika migatosaken sanget ing kayektènipun Islam, ayat punika ugi mengku piguna ingkang wigatos nalika wekdal sédanipun Kanjeng Nabi. Wonten sahabat sawatawis ingkang nginten sampun cetha bilih Kanjeng Nabi boten séda. Bagéndha Abu Bakar nyataaken malebet, sarta sareng sampun cetha bilih Kanjeng Nabi tétéla sampun séda, panjenenganipun lajeng minggah ing mimbar tuwin maos ayat punika. Pranyata angédab-édabi dayanipun tumrap para ingkang sami mirengaken, sadaya sami yakin bilih Kanjeng Nabi séda kados déné para nabi ing sadèrèngipun panjenenganipun ugi sampun sami séda. Para andika nabi punika sami manusa limrah, mila boten kénging boten mesthi inggih badhé telas wawangening sugengipun, boten prabéda kaliyan manusa sanès-sanèsipun. Ayat punika suka bukti ingkang cetha, bilih Kanjeng Nabi ‘Isa punika inggih séda. Upami boten makaten, para ingkang taksih semang-semang dhateng sédanipun Kanjeng Nabi, mesthi dèrèng saged ical semang-semangipun, nalika Bagéndha Abu Bakar ngagem ayat wau.

497. Ambabayani dhateng Allah, punika tegesipun ambabayani dhateng margining Pangéran, inggih punika: yekti kados déné ingkang maujud ing dalem Islam.

498. Sajakipun ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika bab prakawis sédanipun Kanjeng

aké marang dhèwèké, lan sapa sing kapéngin ganjaran akhirat iki iya bakal Ingsun paringaké marang dhèwèké; lan Ingsun bakal angganjar marang para kang padha weruh ing panarima.

مِنْهَا ۚ وَمَنْ يُّرِدْ ثَوَابَ الْاٰخِرَةِ نُؤْتِهٖ مِنْهَا ۗ وَسَنَجْزِى الشّٰكِرِيْنَ ﴿١٤٤﴾

145 Lan wis pira baé nabi kang perang, sing andhèrèkaké sapirang-pirang para kang padha manembah ing Pangéran;[499] mulané padha ora giris marang apa kang tumiba ing awaké ing dadalaning Allah, sarta padha ora nglunthung tuwin padha ora atindak asor; lan Allah iku remen marang para kang padha teteg.

وَكَاَيِّنْ مِّنْ نَّبِيٍّ قٰتَلَ ۙ مَعَهٗ رِبِّيُّوْنَ كَثِيْرٌ ۚ فَمَا وَهَنُوْا لِمَآ اَصَابَهُمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَمَا ضَعُفُوْا وَمَا اسْتَكَانُوْا ۗ وَاللّٰهُ يُحِبُّ الصّٰبِرِيْنَ ﴿١٤٥﴾

146 Lan ora liya pangucapé, kajaba mung padha ngunjuk: Pangéran kawula! mugi angapunten kawula ing kalepatan kawula tuwin keladuk kawula ing urusan kawula punapa déné mugi Tuwan angekahaken tumpaking dalamakan kawula saha amitulungi kawula anglawan para titiyang kafir.

وَمَا كَانَ قَوْلَهُمْ اِلَّآ اَنْ قَالُوْا رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا ذُنُوْبَنَا وَاِسْرَافَنَا فِيْٓ اَمْرِنَا وَثَبِّتْ اَقْدَامَنَا وَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكٰفِرِيْنَ ﴿١٤٦﴾

147 Mulané Allah amaringi ganjaran donya marang dhèwèké sarta ganjaran akhirat kang luwih becik; lan Allah iku remen marang para kang agawé becik (ing liyan).

فَاٰتٰىهُمُ اللّٰهُ ثَوَابَ الدُّنْيَا وَحُسْنَ ثَوَابِ الْاٰخِرَةِ ۗ وَاللّٰهُ يُحِبُّ الْمُحْسِنِيْنَ ﴿١٤٧﴾ ع

Nabi, wigatos maringi kayakinan dhateng para Muslimin, bilih sédanipun Kanjeng Nabi dèrèng dumugi wayahing masakalanipun. Dhawuh punika ugi wigatos anedahaken pangreksaning Pangéran ingkang mligi dhateng Kanjeng Nabi, jalaran saupami botena saking pangreksaning Pangéran, kaselak mokal ing wekdal ingkang ambabayani punika panjenenganipun saged wilujeng saking séda (Rz).

499. Tegesipun tembung *ribbi* kula aturi mirsani katerangan angka 456. Saèstu anggumujengaken déné tuwan-tuwan Sale, Rodwell, tuwin Palmer satunggal lan satunggalipun cocog, sami klèntunipun, anggènipun negesi ayat punika: "lan wis pira baé nabi kang wis peperangan karo kang padha duwé prajurit maleksa-leksa." Makaten punika anggènipun anjarwani tuwan Sale ayat wau; Rodwell lan Palmer inggih kados makaten. Kula boten naté sumerep mufassir ingkang kateranganipun kénging dipun anggé pipiridan negesi ingkang kados makaten wau, makaten ugi tembungipun dhawuh, punika boten saged dipun tegesi makaten wau.

RUKU' 16

Sababing kasangsaran wonten paprangan ing Uhud

148-150. Para mengsah sami kataman giris. 151. Anggènipun anglirwakaken wajib sapéranganė wadya Muslim sasampuning menang, minangka wahananipun janjining Allah. 152. Mengsah angalap faédahipun kekisruhan. 153. Sumèlèhing manah sasampuning kapitunan sarta grundelanipun sawenèhing golongan. 154. Anggènipun anglirwakaken kawajiban dipun apunten.

148 É, para kang padha angèstu! manawa sira padha manuta para kang padha kafir, dhèwèké bakal padha ambalikaké sira ing tungkak-tungkakira, lah sira banjur kebalik dadi wong sing kapitunan.[500]

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْۤا اِنْ تُطِيْعُوا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا يَرُدُّوْكُمْ عَلٰۤى اَعْقَابِكُمْ فَتَنْقَلِبُوْا خٰسِرِيْنَ ﴿۱۴۸﴾

149 Ananging, Allah iku bandaranira, sarta Panjenenganė iku becik-becikė para kang tetulung.

بَلِ اللّٰهُ مَوْلٰىكُمْ ۚ وَهُوَ خَيْرُ النّٰصِرِيْنَ ﴿۱۴۹﴾

150 Ingsun bakal andadèkakė giris ana ing atinė-atinė para kang padha kafir, amarga saka anggonė padha anjèjèri sisihan Allah barang kang ora didhawuhakė dėning Panjenenganė mungguh wewenangė, lan panggonanė iku geni; lan ala padununganė para kang atindak dudu iku.[501]

سَنُلْقِيْ فِيْ قُلُوْبِ الَّذِيْنَ كَفَرُوا الرُّعْبَ بِمَاۤ اَشْرَكُوْا بِاللّٰهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهٖ سُلْطٰنًا ۚ وَمَاْوٰىهُمُ النَّارُ ؕ وَبِئْسَ مَثْوَى الظّٰلِمِيْنَ ﴿۱۵۰﴾

500. Para Muslimin dipun perangi, punika boten sanès maksudipun kajawi namung mamrih para Muslimin ambucal agaminipun; milanipun para Muslimin boten saged nganggep para kafir dados pangagengipun ingkang nguwaosi piyambakipun, jalaran manawi para Muslimin purun manut miturut, boten kénging boten mesthi badhé nuwuhaken panganiaya, ingkang boten badhé wonten telas-telasipun tansah dipun tindakaken déning mengsah, ngantos manawi para Muslimin sami purun ambucal agaminipun.

501. Sanajan wadyabala kafir menang kathah cacah jiwanipun, titiyang Muslimin kirang saking sapra-sekawaning cacah jiwanipun wadyabala mengsah, tur dadamelipun para Muslimin boten saé kados gadhahanipun mengsah, makaten ugi sanajan wadyabala Muslimin katlèyèk perangipun, suprandéné mengsah meksa atilar gelanggang, wadya Muslimin dipun tilar klenthar wonten ing papan pabaratan, dalasan api-api badhé nyerang kitha Madinah inggih boten, mangka ing wekdal wau kitha Madinah babar pisan boten kajagi. Ingkang makaten punika anedahaken bilih para titiyang kafir sami giris manahipun, sanajan sampun saged damel pituna sawatawis dhateng para Muslimin. Para kafir gadhah panganggep langkung prayogi mundur dhateng Makkah kémawon, mumpung para Muslimin saweg ribed déning pakèwed tuwin boten saged ambujeng.

151 Lan sayekti temen Allah iku anuhoni janji-Né marang sira[502] nalika sira padha amatèni dhèwèké kalawan idin-É, nganti nalika atinira padha dadi giris sarta padha apasulayan ing dalem prakara iku tuwin padha ora amiturut ing sawisé Panjenengané anedahaké marang sira apa kang sira senengi;[503] sawenèhira ana kang kapéngin donya lan sawenèhira ana kang kapéngin akhirat;[504] tumuli Panjenengané amisahaké sira saka dhèwèké; amrih Panjenengané anyoba ing sira;[505] sayekti temen Panjenengané wis ngapura ing sira; lan Allah iku luber sih paparing-É marang para kang padha angèstu.

وَلَقَدْ صَدَقَكُمُ اللّٰهُ وَعْدَهُۥٓ إِذْ تَحُسُّونَهُم
بِإِذْنِهِۦ ۖ حَتّٰىٓ إِذَا فَشِلْتُمْ وَتَنٰزَعْتُمْ فِى
الْأَمْرِ وَعَصَيْتُم مِّنۢ بَعْدِ مَآ أَرٰىكُم مَّا
تُحِبُّونَ ۚ مِنكُم مَّن يُرِيدُ الدُّنْيَا وَمِنكُم مَّن
يُرِيدُ الْأٰخِرَةَ ۚ ثُمَّ صَرَفَكُمْ عَنْهُمْ
لِيَبْتَلِيَكُمْ ۖ وَلَقَدْ عَفَا عَنكُمْ ۗ وَاللّٰهُ ذُو
فَضْلٍ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ ﴿١٥١﴾

152 Nalikané sira padha keplayu sarta ora angentèni wong sijisijia, sarta utusan iku anguwuh sira ing burinira, mulané Panjenengané aparing kasusahan liya marang sira liruné kasusahan(-ira), supaya sira aja padha mrihatinaké barang kang wus oncat saka ing sira lan aja (mrihatinaké) apa kang tumiba ing sira; lan Allah iku uninga apa kang padha sira lakoni.[506]

إِذْ تُصْعِدُونَ وَلَا تَلْوُۥنَ عَلٰىٓ أَحَدٍ وَالرَّسُولُ
يَدْعُوكُمْ فِىٓ أُخْرٰىكُمْ فَأَثٰبَكُمْ غَمًّۢا بِغَمٍّ
لِّكَيْلَا تَحْزَنُوا عَلٰى مَا فَاتَكُمْ وَلَا مَآ أَصٰبَكُمْ ۗ
وَاللّٰهُ خَبِيرٌۢ بِمَا تَعْمَلُونَ ﴿١٥٢﴾

---

502. Janjinipun kasebut ing ayat 123.

503. Punika nedahaken bilih para Muslimin sampun angsal kamenangan nalika Perang Uhud. Lalampahan ing sasampunipun murugaken para Muslimin kécalan wohing kamenangan wau.

504. Dhawuh punika mangandikakaken tiyang kalih golongan, inggih punika para ingkang kepéngin donya punika tuwin para ingkang kepéngin akhirat. Kedah dipun èngeti bilih punika golongan kakalih ing antawisipun prajurit sikep jemparing cacah sèket jiwa, ingkang kapatah anjagi papan ingkang wigatos kanggé nyegat unduring mengsah. Nalika wadyabala mengsah bibar sar-saran margi katitih ing yuda, sawenèhipun prajurit asikep jemparing wau lajeng sami tilar papan panjaginipun margi melik angsal jarahan, namung pangagengipun, ‘Abdullah bin Jubair, lan kancanipun watawis tiyang sadasa ingkang lastantun wonten ing papan panjagénipun (Rz). Dados ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika, golongan kakalih ing antawisipun prajurit sikep jemparing ingkang namung sakedhik wau.

505. Mengsah ingkang dipun bujeng lajeng ambalik nempuh ingkang ambujeng, sareng nyumerepi bilih papan panjagénipun prajurit sikep jemparing ingkang wigatos punika dipun suwungaken.

506. Ingkang dipun karsakaken punika panguwuhipun Kanjeng Nabi. Sapunika para Muslimin saweg sami sumerep bilih panyeranging mengsah katujokaken dhateng Kanjeng Nabi. Awit saking punika mila para Muslimin lajeng sampun boten anggetuni anggènipun kécalan wewengan ingkang saé

153 Tumuli, ing sawisé kasusahan, Panjenengané anurunaké katentreman marang sira, *ayem* tumeka marang kancanira sagolongan,[507] lan (ana) sagolongan liyané kang jiwané angandhut susah; padha anyana-nyana ing Allah kalawan ora bener, panyana kabodhoan;[508] padha calathu: Aku padha ora duwé bagéan barang-barang ing prakara iku.[509] Calathua: Sayekti prakara iku kabèh

ثُمَّ أَنْزَلَ عَلَيْكُمْ مِّنْ بَعْدِ الْغَمِّ أَمَنَةً
نُّعَاسًا يَّغْشٰى طَآئِفَةً مِّنْكُمْ وَطَآئِفَةٌ قَدْ
أَهَمَّتْهُمْ أَنْفُسُهُمْ يَظُنُّوْنَ بِاللّٰهِ غَيْرَ
الْحَقِّ ظَنَّ الْجَاهِلِيَّةِ يَقُوْلُوْنَ هَلْ لَّنَا
مِنَ الْأَمْرِ مِنْ شَيْءٍ قُلْ إِنَّ الْأَمْرَ كُلَّهُ

kanggé ambujeng mengsah, nanging sami mrihatosaken Nabinipun ingkang wonten ing salebeting babaya. Bab punika kalayan terang kasebutaken wonten ing dhawuh candhakipun: "Supaya sira aja padha mrihatinaké barang kang wus oncat saka ing sira," inggih punika jarahan ingkang pancènipun badhé dipun ebèki manawi sami ambujeng mengsah ingkang sami keplajeng, "lan aja mrihatinaké apa kang tumiba ing sira," (inggih punika kapitunan sawatawis ingkang sami dipun sandhang). Limrahipun tembung *atsâbahû* punika ateges: *males*, nanging kalakading tembung punika sok mengku suraos nyukani lilintu, kados déné ing tembung اثابه من هبته ingkang ateges *dhèwèké mènèhi liliru* utawi ijol utawi wawales barang pawèwèhé (LL).

507. Miturut Rgh *nu'as* punika ateges *ngantuk*, nanging ing sasampunipun negesi makaten punika panjenenganipun lajeng mewahi katrangan makaten: *Kacariyos bilih nu'as ing ngriki punika ngibarataken ayem lan temtrem.* Teges punika kula anggé, jalaran suraosipun langkung nocogi kaliyan kawontenanipun papan-peperangan. Nanging manawi tegesipun ingkang sapisan wau ingkang dipun anggé, kelampahanipun mesthi ing sasampunipun mengsah késah. Ngantuk punika pratandhanipun sampun aman, jalaran saben prajurit ingkang taksih purun manah dhateng kawilujenganipun, mesthi botenipun niyat ngaso ing salebetipun saweg peperangan. Teges ingkang pundi kémawon ingkang dipun anggé, meksa inggih anedahaken kalayan terang, bilih mengsah dèrèng saged ngawonaken para Muslimin, jalaran saupami para Muslimin sampun dipun kawonaken, wadyabala mengsah ingkang cacah jiwanipun wonten tigangèwu, punika mesthi sampun kelampahan saged anumpes ngantos tapis wadyabala Muslimin ingkang namung pitung atus, tur ingkang sampun bibrah pasang gelaripun punika. Yektinipun ingkang sampun kelampahan punika makaten: Nalika nyumerepi para Muslimin sami ambujeng piyambakipun, tur kalayan tanpa mawi tatanan, sarta nalika nyumerapi bilih papan panjagénipun wadya sikep jemparing dipun tilar, mengsah sagolongan lajeng nempuh byat dhateng Kanjeng Nabi, perlu kanggé ngayomi munduripun wadya kafir sanèsipun. Sareng para Muslimin nyumerepi babaya punika saha lajeng sami pacak baris wonten ing sakubengipun Kanjeng Nabi, mengsah lajeng mundur kalayan wilujeng saking pambujengipun para Muslimin.

508. Titiyang ingkang dipun pangandikakaken ing ngriki punika satru munggèng cangklakan ingkang boten tumut perang, ingkang sawatawis taksih sami kempal kaliyan para Muslimin. Sapunika para titiyang wau sami ngeblakaken gethingipun dhateng para Muslimin ingkang wau-waunipun kasidhem. Déné panyana awon dhateng Allah ingkang dipun kandhut déning para titiyang wau, inggih punika: Gusti Allah boten mitulungi para Muslimin, kados ingkang kapangandikakaken déning Kanjeng Nabi. ظن الجاهلية punika ateges *panyana-nyananipun golongan ingkang bodho* utawi *panyana-nyana jaman kabodhoan*.

509. Anggènipun sami grundelan punika amargi rembagipun supados tetep wonten ing kitha Madinah tuwin rumeksa dhiri wonten ing salebeting kitha boten katampi, jalaran ingkang kathah sami gadhah pamanggih ingkang mrayogékaken supados mengsah dipun papagaken wonten ing sajawining kitha.

ana ing (astaning) Allah. Padha andhe-likaké sajroning jiwané apa kang ora dilahiraké marang sira. Padha acalathu: yèn ta aku padha duwéa bagéan barang-barang ing prakara iku, (amasthi) aku ora padha kaprajaya ing kéné.[510] Calathua: Sanajan ta sira padha ana ing omah-omahira, para sing wis ginaris mati, amasthi kalakon metu marang panggonané bakal pinra-jaya,[511] lan mamrih Allah anyoba apa kang ana ing sajroning dhadha-dhadhanira tuwin mamrih Panjenengané *angresikaké* apa kang ana ing sajroning ati-atinira; lan Allah iku Angudanèni kang ana ing dalem dhadha-dhadha.[512]

Ut. *anglilir*

لِلّٰهِ ۗ يُخْفُوْنَ فِىْٓ اَنْفُسِهِمْ مَّا لَا يُبْدُوْنَ
لَكَ ۗ يَقُوْلُوْنَ لَوْ كَانَ لَنَا مِنَ الْاَمْرِ شَىْءٌ
مَّا قُتِلْنَا هٰهُنَا ۗ قُلْ لَّوْ كُنْتُمْ فِىْ بُيُوْتِكُمْ
لَبَرَزَ الَّذِيْنَ كُتِبَ عَلَيْهِمُ الْقَتْلُ اِلٰى
مَضَاجِعِهِمْ ۚ وَلِيَبْتَلِىَ اللّٰهُ مَا فِىْ صُدُوْرِكُمْ
وَلِيُمَحِّصَ مَا فِىْ قُلُوْبِكُمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌۢ
بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ﴿١٥٣﴾

154 Sayekti, sawenèhira ana kang padha *lèrès-angucira* ing dina tempuké *golongan* loro, iku mung si sétan sing duwé pangarah amlèsèdaké dhèwèké amarga saka sawenèhing barang kang wis padha dilakoni, lan temen Allah wis angapura marang dhèwèké; sayekti Allah iku Aparamarta, *Momot.*

Ut. *ambalik*
Ut. *wadya-bala*
Ut. *Aris*

اِنَّ الَّذِيْنَ تَوَلَّوْا مِنْكُمْ يَوْمَ الْتَقَى الْجَمْعٰنِ ۙ
اِنَّمَا اسْتَزَلَّهُمُ الشَّيْطٰنُ بِبَعْضِ مَا كَسَبُوْا ۚ
وَلَقَدْ عَفَا اللّٰهُ عَنْهُمْ ۗ اِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ حَلِيْمٌ ﴿١٥٤﴾

RUKU' 17

Paprangan ing Uhud punika amilahaken para ingkang angèstu kaliyan para lamis

155-157. Sababing kacilakan. 158-159. Rembagan punika perlu. 160-163. Kanjeng Nabi boten badhé anjabel bagéanipun para prajurit panah, amargi panjenenganipun punika

510. Pabenipun: saupami pamrayoginipun supados para Muslimin tetep wonten ing salebeting kitha dipun tampi, yakti para Muslimin boten sami nemahi kacilakan.

511. Para ingkang sampun ginaris pejah, punika ingkang dipun karsakaken para Muslimin; déné pejah ing ngriki, mejahi utawi merangi mengsah. Para ingkang sami alit manahipun, ingkang sami grundelan, sami dipun pangandikani bilih nadyan para titiyang wau boten purun ngedali perang lumawan mengsah, para mukmin sajati mesthi inggih sami ngedali, sarta anggènipun sami ngucira para titiyang ingkang sami alit manahipun wau, boten badhé saged mahanani ajrihipun para mukminin sajati (Rz). Utawi, saged ugi dhawuh wau ateges, bilih kacilakan punika temahipun ambadal dhawuh, milanipun nadyan sami tetep wonten ing salebeting kitha Madinah, ambadal dhawuh punika sami kémawon temahanipun.

512. Punika saged nerangken punapa ingkang dipun karsakaken "Allah nyoba apa kang ana ing sajroning ati" punika. Panjenenganipun ngudanèni punapa ingkang wonten ing salebeting manah wau, déné Panjenenganipun nyobi, punika ingkang dikarsakaken medharaken punika dhateng ngasanès.

boten namung suci kémawon, ananging inggih ingkang anucèkaken ing asanès. 164-167. Para lamis dipun jawèkaken. 168-170. Para pejah syahid (Babanten).

Ar. *nalika*
Ut. *yèn*

Ut. *nung-gala aku*

155 É, para kang padha angèstu! aja sira padha kaya para sing padha kafir lan kang angrasani sadulur-saduluré *kang pinuju* lulungan ing bumi utawa perang: mungguh padha *anaa ing kéné* baé, (iya) ora bakal padha mati lan ora pinrajaya;[513] mangkono iku mamrih Allah adamel piduwung kang abanget ing sajroning ati-atiné; lan Allah iku kang anguripaké lan matèni; lan Allah iku mirsani sabarang kang padha sira lakoni.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَكُونُوا كَالَّذِينَ كَفَرُوا وَقَالُوا لِإِخْوَانِهِمْ إِذَا ضَرَبُوا فِي الْأَرْضِ أَوْ كَانُوا غُزًّى لَّوْ كَانُوا عِندَنَا مَا مَاتُوا وَمَا قُتِلُوا لِيَجْعَلَ اللَّهُ ذَٰلِكَ حَسْرَةً فِي قُلُوبِهِمْ ۗ وَاللَّهُ يُحْيِي وَيُمِيتُ ۗ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿١٥٥﴾

156 Lan manawa sira kaprajaya ing dadalaning Allah utawa mati, amasthi pangapura lan sihing Allah iku luwih becik tinimbang apa sing padha dikalumpukaké.

وَلَئِن قُتِلْتُمْ فِي سَبِيلِ اللَّهِ أَوْ مُتُّمْ لَمَغْفِرَةٌ مِّنَ اللَّهِ وَرَحْمَةٌ خَيْرٌ مِّمَّا يَجْمَعُونَ ﴿١٥٦﴾

157 Lan manawa sira mati utawa kaprajaya, sayekti marang Allah anggonira padha diimpun.

وَلَئِن مُّتُّمْ أَوْ قُتِلْتُمْ لَإِلَى اللَّهِ تُحْشَرُونَ ﴿١٥٧﴾

a. 2194

158 Mulané, marga saka sihing Allah déné sira lembah manah marang dhèwèké, lan saupama sira iku kasar abengis ing ati, amasthi padha bubar saka ing sakukubanira;[514] mulané padha sira apuraa sarta sira suwuna pangayoman[a] tuwin padha sira ajaka rembugan

فَبِمَا رَحْمَةٍ مِّنَ اللَّهِ لِنتَ لَهُمْ ۖ وَلَوْ كُنتَ فَظًّا غَلِيظَ الْقَلْبِ لَانفَضُّوا مِنْ حَوْلِكَ ۖ فَاعْفُ عَنْهُمْ وَاسْتَغْفِرْ لَهُمْ وَشَاوِرْهُمْ

513. "Sadhulur-sadhuluré" punika ingkang dipun karsakaken sanak-sadhèrèkipun ingkang sampun sami ngrasuk Islam, ingkang inggih margi saking punika ing sapunika lajeng sampun boten aman malih manawi kekésahan wonten ing bumi, utawi ingkang sampun sami tiwas karana nglabuhi agaminipun. Éwadéné ing wasananipun piyambakipun piyambak sami kaduwung déné boten nganggé agami Islam.

514. Saèstu èlok Quran Suci dhawuh anggatosaken bab lembah manahipun Kanjeng Nabi anggènipun ngrengkuh para titiyang ing sakukubanipun, sareng-sareng kaliyan nalika mangandikakaken lalampahanipun Kanjeng Nabi nalika wonten ing paperangan, dados sénapati ingkang nindhihi wadyabalanipun lumawan wadyabalaning mengsah ingkang langkung kathah tikel-matikel; ing mangka dados sénapati perang makaten kedah kereng temenan manawi nandukaken pidana dhateng tiyang ingkang nglirwakaken ing wajib, saya malih manawi anggènipun ambadal préntah ngantos mahanani

prakara iku;[515] lah manawa wis sira putus, sira banjur sesèndhèna marang Allah;[516] sayekti Allah iku remen marang para sing padha sesèndhèn (marang Panjenengané).

فِي الْأَمْرِ ۚ فَإِذَا عَزَمْتَ فَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ ۚ
إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُتَوَكِّلِينَ ﴿١٥٨﴾

159 Manawa Allah angréwangi sira, amasthi ora ana kang bisa ngalahaké sira, lan manawa Panjenengané anilar ing sira, lah ing sapengker-É, sapa sing bisa angréwangi sira; lan marang Allah kuduné sèndhèné sing padha angèstu.

إِنْ يَنْصُرْكُمُ اللَّهُ فَلَا غَالِبَ لَكُمْ ۖ وَإِنْ
يَخْذُلْكُمْ فَمَنْ ذَا الَّذِي يَنْصُرُكُمْ مِنْ
بَعْدِهِ ۗ وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ ﴿١٥٩﴾

---

kacilakan ingkang samanten agengipun. Éwadéné ingkang makaten punika inggih boten anggumunaken, awit panjenenganipun punika boten lugu namung dados sénapatining perang kémawon. Leres, anggènipun Kanjeng Nabi wasis nuntun wadyabalanipun, anggènipun baut milih papan ingkang prayogi ing papan peperangan, anggènipun wasis ngrigenaken titiyang ingkang namung sakedhik cacahipun mengsah kaliyan wadyabala ingkang tikel tiga, sekawan, malah naté tikel sadasanipun, punika sadaya anélakaken bilih panjenenganipun punika sénapatining perang ingkang linangkung piyambak ing sajagad punika. Éwadéné lembah manahipun tuwin kasabaranipun anggèning ngrengkuh dhateng mitra punapa dhateng mengsahipun, punika ngégla awewèntèhan anggènipun abèncèng-cèwèng kaliyan kasagedanipun dados sénapati ageng wonten ing peperangan. Dipun riwayataken, bilih ing wekdal sasampunipun kasangsaran ing Uhud, Kanjeng Nabi boten naté nglahiraken nadyan satembung kémawon tetembungan ingkang kasar dhateng para titiyang ingkang sami ambadal ing dhawuhipun wau (Rz).

Quran kebak pratélan-pratélan ingkang mangandikakaken lembah manahipun Kanjeng Nabi tuwin saéning tangkebipun Kanjeng Nabi dhateng sasamining tiyang. Ayat ing ngandhap punika saged suka seserepan dhateng kula sami ing bab panggalihanipun Kanjeng Nabi punika: “Sayekti temen wus anekani sira Utusan, saka ing bangsanira; abot ing atasé dhèwèké tumibanira ing kasangsaran, banget pangèmané ing sira, marang para angèstu dhèwèké welas, asih” (9: 128).

515. Kanjeng Nabi medal amapagaken mengsah, punika miturut putusaning pirembagan, sarta punika sulaya kaparenging karsanipun, jalaran panjenenganipun punika ngrujuki pamanggihipun tiyang ingkang namung sabagéan alit, ingkang sami mrayogèkaken boten mapagaken mengsah dhateng sajawining kitha. Tata lahiripun, putusaning pirembagan punika, ingkang nuwuhaken kasangsaran ing wekdal wau. Éwadéné panjenenganipun sakalangkung mituhu anggèning netepi paugeran ingkang leres, ngantos ing wekdal ingkang ambabayani wau panjenenganipun tetep mawi pirembagan kaliyan titiyang kathah ing babagan prakawis ingkang wigatos. Malah inggih ing wekdal punika ugi, wahyuning Pangéran netepaken uger-uger ingkang namtokaken manut miturut dhateng putusaning pirembagan.

516. Kedah dipun pèngeti bilih “sesèndhèn ing Allah,” punika miturut basanipun Quran boten kok kèndel tanpa tumandang. Sadaya barang ingkang perlu katindakaken kedah dipun tindakaken, sarta cak-cakaning tumindhak inggih kedah dipun tamtokaken punapa mesthinipun. Lah sasampun kados makaten wau, saweg sesèndèn utawi *tawakkkal* dhateng Allah, inggih punika ing salebetipun nindakaken lampah-lampah ingkang sampun katamtokaken wau. Makaten punika mengku teges, bilih tiyang punika wajib utawi kedah tumandang ing sakiyat-kiyatipun, déné kados pundi badhé angsal-angsalanipun, kapasrahna wonten ing astanipun Allah; liripun, piyambakipun kedah sumarah, nadyan kados punapa kémawon badhé kadadosanipun, tuwin kados pundi kémawon angsal-angsalanipun, piyambakipun kedah narimah.

وَمَا كَانَ لِنَبِيٍّ أَنْ يَغُلَّ ۚ وَمَنْ يَغْلُلْ
يَأْتِ بِمَا غَلَّ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۚ ثُمَّ تُوَفَّىٰ
كُلُّ نَفْسٍ مَا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿١٦٠﴾

160 Lan ora bisa ana nabi kok atindak ora tulus; lan sapa sing atindak ora tulus, ing dina kiyamat tekané bakal anggawa barang kang ditindakaké kalawan ora tulus mau; tumuli siji-sijining jiwa diparingi liliru ganep apa murwating panggawéné lan ora bakal padha kataman ing tindak dudu.[517]

أَفَمَنِ اتَّبَعَ رِضْوَانَ اللَّهِ كَمَنْ بَاءَ بِسَخَطٍ
مِنَ اللَّهِ وَمَأْوَاهُ جَهَنَّمُ ۚ وَبِئْسَ الْمَصِيرُ ﴿١٦١﴾

161 Lah apa iya (wong) kang miturut kaparenging Allah iku padha karo (wong) kang wis mungguh olèh dudukaning Allah,
Ut. *jahanam* lan panggonané ing *naraka*; lan iki kawusanan ala.

هُمْ دَرَجَاتٌ عِنْدَ اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ بَصِيرٌ
بِمَا يَعْمَلُونَ ﴿١٦٢﴾

162 Padha ana (pilah-pilahing) darajaté ana ngarsaning Allah; lan Allah iku amirsani sabarang kang padha dilakoni.

لَقَدْ مَنَّ اللَّهُ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ إِذْ بَعَثَ
فِيهِمْ رَسُولًا مِنْ أَنْفُسِهِمْ يَتْلُو عَلَيْهِمْ
آيَاتِهِ وَيُزَكِّيهِمْ وَيُعَلِّمُهُمُ الْكِتَابَ
وَالْحِكْمَةَ وَإِنْ كَانُوا مِنْ قَبْلُ
لَفِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ﴿١٦٣﴾

163 Sayekti temen Allah wis aparing nugraha marang kang padha angèstu, nalika Panjenengané anjumenengaké Utusan sawiji ing kono, unusané awaké amacakaké timbalan-timbalan-É marang dhèwèké, lan anucèkaké dhèwèké apa déné amulangaké Kitab lan kawicaksanan marang dhèwèké, sanajan ing sadurungé iku temen padha ana ing sajroning panasaran kang tétéla.

أَوَلَمَّا أَصَابَتْكُمْ مُصِيبَةٌ قَدْ أَصَبْتُمْ
مِثْلَيْهَا قُلْتُمْ أَنَّىٰ هَٰذَا ۖ قُلْ هُوَ مِنْ

164 Apa! manawa babaya anibani sira, sarta sira temen wus nibakaké babaya (marang wong kafir) tikel pindhoné, sira banjur padha calathu: saka ngendi iki?

517. Kasangsaran ing Uhud punika tuwuhipun sabab saking lekasanipun prajurit panah sawatawis ingkang sami kuwatos manawi boten angsal panduman jarahan. Para titiyang wau sami kapangandikakaken bilih sénapati ingkang limrah-limrah punika pancèn saged nindakaken kalepatan, kadosta atindak boten tulus dhateng titiyangipun. Nanging manawi Nabi, boten saged, jalaran kautusipun punika supados nucèkaken ing ngasanès (mirsanan ayat 163).

Calathua: Iku saka awakmu dhéwé; sayekti Allah iku marang samubarang kawasa.[518]

عِنْدِ اَنْفُسِكُمْ ؕ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿١٦٥﴾

Ut. *wadyabala*

a. 494

165 Lan apa kang tumiba ing sira ing dina tempuking *golongan* loro, lah iku wis kalawan idining Allah sarta supaya Panjenengané anguningani[a] para kang padha angèstu,

وَمَآ اَصَابَكُمْ يَوْمَ الْتَقَى الْجَمْعٰنِ فَبِاِذْنِ اللّٰهِ وَلِيَعْلَمَ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿١٦٦﴾

b. 494

166 Lan supaya Panjenengané anguningani[b] para kang padha lamis; lan padha dicalathoni: ayo padha perang ing dadalaning Allah utawa padha anulaka.[519] Padha acalathu: mungguh aku padha weruha (yèn ana) perang,[520] amasthi aku padha mèlu kowé. Ing dina iku dhèwèké padha luwih cedhak marang kafir tinimbang marang iman. Padha nyalathokaké kalawan cangkem-cangkemé ba-rang kang ora ana ing sajroning ati-atiné; lan Allah iku luwih uninga marang barang kang padha disingidaké.

وَلِيَعْلَمَ الَّذِيْنَ نَافَقُوْا ۖۚ وَقِيْلَ لَهُمْ تَعَالَوْا قَاتِلُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ اَوِ ادْفَعُوْا ؕ قَالُوْا لَوْ نَعْلَمُ قِتَالًا لَّا اتَّبَعْنٰكُمْ ؕ هُمْ لِلْكُفْرِ يَوْمَئِذٍ اَقْرَبُ مِنْهُمْ لِلْاِيْمَانِ ۚ يَقُوْلُوْنَ بِاَفْوَاهِهِمْ مَّا لَيْسَ فِيْ قُلُوْبِهِمْ ؕ وَاللّٰهُ اَعْلَمُ بِمَا يَكْتُمُوْنَ ﴿١٦٧﴾ ۚ

167 Para kang padha angrasani sadulur-saduluré, kang mangka (awaké dhéwé) ambegogok (ana ngomah): mungguh dhèwèké padha manuta aku, amasthi ora bakal kaprajaya. Calathonana: Lah mara,

اَلَّذِيْنَ قَالُوْا لِاِخْوَانِهِمْ وَقَعَدُوْا لَوْ اَطَاعُوْنَا مَا قُتِلُوْا ؕ قُلْ فَادْرَءُوْا عَنْ

518. Para kafir sampun kaping kalih nandhang karisakan déning tanganipun para Muslimin, sapisan nalika perang Badar, kaping kalihipun nalika perang Uhud babakan ingkang sapisan.

519. Manawi para titiyang wau sami boten mangertos punapa tegesipun perang ing marginipun Allah punika, apesipun piyambakipun rumaos, bilih perang karana rumeksa dhiri punika kedah. Menggah ing sajatos-jatosipun, tembung satunggalipun wau wigatos kanggé anggenahaken dhawuh ingkang majibaken "perang ing marginipun Allah," bokbilih wonten ingkang dèrèng saged nyandhak suraosipun ingkang sajatos, utawi kanggé anggenahaken suraosipun dhawuh ingkang majibaken perang karana yakti, jalaran tumrapipun umat rumeksa dhiri punika perlu, inggih punika kanggé rumeksa gesangipun umat wau.

520. Utawi ateges: *Mungguh aku padha weruha yèn iku perang,* mengku suraos mastani bilih anggènipun para Muslimin ngedali perang punika boten nama "perang" nanging nemaha murugi karisakan, jalaran cacah jiwaning wadyabalanipun tangèh nama babag.

pati iku tulaken saka ing awakmu, manawa kowé iku padha wong temen.

أَنفُسِكُمُ الْمَوْتَ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ١٦٧

168 Lan aja sira ètung mati para kang padha kaprajaya ing dadalaning Allah iku; balik dhèwèké iku
a. 196, 197 padha urip[a] (sarta) padha direjekèni ana ngarsaning Pangérané;

وَلَا تَحْسَبَنَّ الَّذِينَ قُتِلُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ
أَمْوَاتًا ۚ بَلْ أَحْيَاءٌ عِندَ رَبِّهِمْ يُرْزَقُونَ ١٦٨

169 Padha seneng amarga saka paparingé Allah marang dhèwèké kang arupa lubèring kadarman-É, sarta abungah-bungah amarga saka para kang padha durung anututi dhèwèké saking déning (isih tininggal) ing buriné, déné bakal padha ora kataman wedi sarta padha ora susah.

فَرِحِينَ بِمَا آتَاهُمُ اللَّهُ مِن فَضْلِهِ
وَيَسْتَبْشِرُونَ بِالَّذِينَ لَمْ يَلْحَقُوا
بِهِم مِّنْ خَلْفِهِمْ أَلَّا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ
وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ١٦٩

170 Padha abungah-bungah amarga saka nugraha saka ing Allah sarta (saka) lubering kadarman-É, sarta déné Allah iku ora angilangaké ganjaraning para kang padha angèstu.

يَسْتَبْشِرُونَ بِنِعْمَةٍ مِّنَ اللَّهِ وَفَضْلٍ
وَأَنَّ اللَّهَ لَا يُضِيعُ أَجْرَ الْمُؤْمِنِينَ ١٧٠

RUKU' 18

Katlèyèk ing Uhud punika tumrapipun pun mengsah sanès kauntungan

171-174. Para angèstu sami mangsah perang sanajan karoban tandhing. 175-177. Para kafir boten saged adamel kapitunanipun para Muslimin sarta sumené punika mewahi sababing karisakanipun. 178-179. Para angèstu badhé pinisahaken kaliyan para lamis.

171 Para kang padha anyandikani ing Allah sarta Utusan, ing sawisé *kacilakan* angenani dhèwèké – tumrap dhèwèké, para kang padha agawé becik sarta bekti, bakal padha olèh ganjaran kang gedhé.[521]

الَّذِينَ اسْتَجَابُوا لِلَّهِ وَالرَّسُولِ مِن
بَعْدِ مَا أَصَابَهُمُ الْقَرْحُ ۚ لِلَّذِينَ أَحْسَنُوا
مِنْهُمْ وَاتَّقَوْا أَجْرٌ عَظِيمٌ ١٧١

521. Dinten candhakipun wadyabala Makkah dipun bujeng ngantos dumugi ing panggènan ingkang winastan *Hamra'u-l-asad* ingkang salajengipun wonten ing babad Islam katelah kanggé namakaken lalampahan punika. Nanging titiyang Makkah boten wantun mapagaken wadyabala

172 Para kang padha dicalathoni déning wong-wong: “Temen wong-wong padha gumolong arep anyerang kowé, mulané padha diwedi ing dhèwèké,” malah padha mundhak ing piandel, sarta padha calathu: Allah iku wis nyukupi tumrapé aku, sarta pangayoman kang linuwih.

الَّذِينَ قَالَ لَهُمُ النَّاسُ إِنَّ النَّاسَ قَدْ جَمَعُوا لَكُمْ فَاخْشَوْهُمْ فَزَادَهُمْ إِيمَانًا وَقَالُوا حَسْبُنَا اللَّهُ وَنِعْمَ الْوَكِيلُ ﴿١٧٢﴾

173 Mulané dhèwèké padha bali kalawan kanugrahan tuwin lubèring kadarman saka ing Allah; ala ora angenani awaké,[521A] sarta padha manut kaparenging Allah; lan Allah iku Ingkang kagungan lubèring kadarman kang agung.

فَانْقَلَبُوا بِنِعْمَةٍ مِنَ اللَّهِ وَفَضْلٍ لَمْ يَمْسَسْهُمْ سُوءٌ وَاتَّبَعُوا رِضْوَانَ اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ ذُو فَضْلٍ عَظِيمٍ ﴿١٧٣﴾

Ut. *mulané*

174 Iku pancèn sétan kang amedèkaké sira marang mitra-mitrané; *ananging* aja padha wedi ing dhèwèké, lan padha wedia marang Ingsun, manawa sira iku padha wong angèstu.[522]

إِنَّمَا ذَٰلِكُمُ الشَّيْطَانُ يُخَوِّفُ أَوْلِيَاءَهُ فَلَا تَخَافُوهُمْ وَخَافُونِ إِنْ كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ ﴿١٧٤﴾

175 Lan aja nganti andadèkaké susahira para kang padha gagancangan lumebu ing kafir; sayektiné iku ora bisa ambabayani apa-apa marang Allah; Allah angarsakaké ora bakal amaringi panduman ana ing akhirat marang dhèwèké, lan bakal padha olèh siksa kang gedhé.

وَلَا يَحْزُنْكَ الَّذِينَ يُسَارِعُونَ فِي الْكُفْرِ ۚ إِنَّهُمْ لَنْ يَضُرُّوا اللَّهَ شَيْئًا ۗ يُرِيدُ اللَّهُ أَلَّا يَجْعَلَ لَهُمْ حَظًّا فِي الْآخِرَةِ ۖ وَلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿١٧٥﴾

Muslimin wau, sanajan piyambakipun menang kathah cacah jiwanipun. Déné ayat-ayat candhakipun (172-174), punika marsitakaken lalampahan bidhalipun prajurit Muslimin ingkang katelah winastan *Badru-s-Sugra* (Badar alit), ingkang kelampahan nalika let sataun kaliyan kelampahan perang Uhud wau. Wondéné mila titiyang Muslimin ngangkataken prajurit wau, jalaran ing sabibaripun perang Uhud, nalika wadyabala Makkah sami mundur, sénapatinipun, Abu Sufyan, ngundhangaken panantang bilih ing taun candhakipun piyambakipun nedya badhé ngayati perang malih kaliyan para Muslimin wonten ing dusun Badar. Nanging wadyabalanipun Makkah jebul boten saèstu nglurug mriku.

521A. Mirsanana katrangan ingkang sampun. Wonten ing *Badru-s-Sugra* boten kelampahan peperangan, para Muslimin malah sami angsal kauntungan kathah jalaran sami tumut dadagangan wonten ing peken paraméan ingkang dipun wontenaken ing ngriku nalika wekdal wau.

522. Sétan ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika pun Nu’aim, inggih punika telik-sandi upaya yasanipun titiyang Makkah, supados nyebar raos miris wonten ing kalanganipun para Muslimin (Rz). Cekakaipun kémawon sétan wau sétan ingkang awujud manusa.

176 Sayekti para kang padha anguyang kafir kalawan iman, iku ora ambabayani apa-apa marang Allah, lan bakal olèh siksa kang anglarani.

إِنَّ الَّذِينَ اشْتَرَوُا الْكُفْرَ بِالْإِيمَانِ
لَنْ يَضُرُّوا اللَّهَ شَيْئًا ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١٧٦﴾

177 Lan para kang padha kafir aja padha ngira, manawa anggon-Ingsun aparing sumené iku becik tumraping awaké; anggon-Ingsun aparing sumené iku mung supaya padha *amuwuhana dosané*; lan bakal padha olèh siksa kang angasoraké.

Ar. *wuwuha ing dosa*

وَلَا يَحْسَبَنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا أَنَّمَا نُمْلِي
لَهُمْ خَيْرٌ لِأَنْفُسِهِمْ ۚ إِنَّمَا نُمْلِي لَهُمْ
لِيَزْدَادُوا إِثْمًا ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ مُهِينٌ ﴿١٧٧﴾

178 Ora pisan-pisan Allah ange-togaké baé para angèstu dumunung ing kaananira saiki iki, nganti Panjenengané amisahaké kang ala saka kang becik; lan ora pisan-pisan Allah bakal ameruhaké ing sira marang kang ora katon, ananging amilih para utusan-É sapa kang dadi kaparenging karsa-Né; mulané padha angèstua ing Allah sarta para Utusan-É; lan manawa sira padha angèstu sarta padha bekti, amasthi sira bakal padha olèh ganjaran kang gedhé.

مَا كَانَ اللَّهُ لِيَذَرَ الْمُؤْمِنِينَ عَلَىٰ مَا أَنْتُمْ
عَلَيْهِ حَتَّىٰ يَمِيزَ الْخَبِيثَ مِنَ الطَّيِّبِ ۗ وَمَا
كَانَ اللَّهُ لِيُطْلِعَكُمْ عَلَى الْغَيْبِ وَلَٰكِنَّ اللَّهَ
يَجْتَبِي مِنْ رُسُلِهِ مَنْ يَشَاءُ ۖ فَآمِنُوا بِاللَّهِ
وَرُسُلِهِ ۚ وَإِنْ تُؤْمِنُوا وَتَتَّقُوا فَلَكُمْ أَجْرٌ عَظِيمٌ ﴿١٧٨﴾

179 Lan para kang padha kumed amèwèhaké paparinging Allah kang arupa lubèring kadarman-É aja padha ngira yèn iku becik tumrap dhèwèké; balik iku ala tumrap dhèwèké; ing dina kiyamat, apa kang padha dikumedi mau bakal kumalung ing guluné; lan kagungané Allah warisan langit-langit lan bumi iku; lan Allah iku waspada marang apa kang padha sira lakoni.[523]

وَلَا يَحْسَبَنَّ الَّذِينَ يَبْخَلُونَ بِمَا آتَاهُمُ
اللَّهُ مِنْ فَضْلِهِ هُوَ خَيْرًا لَهُمْ ۖ بَلْ
هُوَ شَرٌّ لَهُمْ ۖ سَيُطَوَّقُونَ مَا بَخِلُوا
بِهِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۗ وَلِلَّهِ مِيرَاثُ السَّمَاوَاتِ
وَالْأَرْضِ ۗ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ﴿١٧٩﴾

523. Dhawuh ingkang nunggil suraos kaliyan punika, namung béda langkung jembar tetembungan-ipun, ingkang mangandikakaken bab prakawis wohing pandamel kanthil wonten ing githok, punika ugi

RUKU' 19

Dahwèn-patiopènipun pandhèrèking Kitab

180. Dahwèn-patiopènipun para Yahudi dhateng pamundhutipun urunan Kanjeng Nabi. 181-184. Sami ngemohi nabi ingkang boten manut syari'at Musa. 185. Para Muslimin kedah nandhang kaicalan bandha lan nyawa sarta inggih kedah ambetahaken mirengaken basa ingkang mimiring. 186-188. Prajanjian rumeksa murninipun Kitab sarta panyamahipun.

180 Sayekti Allah wis midhanget pangucapé para kang padha calathu: Satemené Allah iku mlarat lan aku iki padha sugih. Ingsun bakal anulisi apa calathuné sarta anggoné padha matèni para nabi kalawan ora bener, lan Ingsun bakal ngandika: Padha ngrasakna siksa pangobong.[524]

لَقَدْ سَمِعَ اللّٰهُ قَوْلَ الَّذِيْنَ قَالُوْٓا اِنَّ اللّٰهَ فَقِيْرٌ وَّنَحْنُ اَغْنِيَآءُ ۘ سَنَكْتُبُ مَا قَالُوْا وَقَتْلَهُمُ الْاَنْۢبِيَآءَ بِغَيْرِ حَقٍّ ۙ وَّنَقُوْلُ ذُوْقُوْا عَذَابَ الْحَرِيْقِ ﴿١٨٠﴾

181 Mangkono iku amarga saka panggawéning tangan-tanganira kang dhisik-dhisik lan amarga Allah iku ora pisan-pisan atindak dudu marang para kawula.

ذٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتْ اَيْدِيْكُمْ وَاَنَّ اللّٰهَ لَيْسَ بِظَلَّامٍ لِّلْعَبِيْدِ ۚ ﴿١٨١﴾

182 (Iki) para kang padha calathu: Sayekti Allah iku adhawuh marang aku, aja nganti aku padha angèstu marang nabi, kajaba manawa dhèwèké anekani kurban marang aku, kang pinangan déning geni.[525] Calathua: Sayekti, utusan-

اَلَّذِيْنَ قَالُوْٓا اِنَّ اللّٰهَ عَهِدَ اِلَيْنَآ اَلَّا نُؤْمِنَ لِرَسُوْلٍ حَتّٰى يَأْتِيَنَا بِقُرْبَانٍ تَأْكُلُهُ النَّارُ ۗ قُلْ قَدْ جَآءَكُمْ رُسُلٌ

---

kawarsitakaken wonten ing 17: 13 makaten: "Lan Ingsun angalungaké panggawéné siji-sijining manusa ana ing guluné lan ing dina kiyamat Ingsun wetokaké marang dhèwèké awujud kitab, kang ginelar ngeblak." Dados saben tiyang punika mesthi ambekta wohing pandamelipun wonten ing gesang sapunika punika, nanging ing dinten kiyamat woh wau badhé dados cetha awewèntèhan. Lah inggih kados makaten punika, wohing kumed kadamel kanthil wonten ing githok-githokipun para titiyang ingkang sami kumed. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, ayat punika paring gagambaran dhateng kula sami bab panggalihanipun Kanjeng Nabi ingkang sinuci, ingkang sakalangkung sanget gethingipun dhateng watak kumed, ingkang manawi miturut hadits ingkang kénging pinitados, panjenenganipun boten naté mangsulaken tiyang pipriman saha panjenenganipun punika pranyata loma-lomanipun manusa.

524. Punika para Yahudi sawatawis ingkang sami anggugujeng para Muslimin anggènipun sami kikirangan tuwin anggènipun ngantos nyambut dhateng tukang nyambutaken arta bangsa Yahudi. Para titiyang punika ugi sami anggugujeng anggènipun para Muslimin nglempakaken arta kanggé rumeksa agami. Mirsanana 716 tuwin 5: 64.

525. Ingkang dipun kajengaken punika: "kurban obaran" miturut saréngat Musa. Bab punika kula

utusan ing sadurungku wis padha rawuh marang kowé, kalawan tandha-tandha yekti kang terang sarta kalawan kang padha *kosuwun*; lah yagéné panjenengané padha kosédani, manawa kowé iku padha wong temen?[526]

Ar. *koucapaké*

مِّن قَبْلِي بِالْبَيِّنَاتِ وَبِالَّذِي قُلْتُمْ فَلِمَ قَتَلْتُمُوهُمْ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿١٨٢﴾

183 Ananging, manawa dhèwèké padha *angemohi* sira, lah temen para utusan ing sadurungira kang wus padha rawuh kalawan tandha-tandha yekti kang terang sarta Pustaka-pustaka tuwin Kitab kang sumunar,[527] iya padha diemohi.

Ar. *anggorohaké*

فَإِن كَذَّبُوكَ فَقَدْ كُذِّبَ رُسُلٌ مِّن قَبْلِكَ جَاءُوا بِالْبَيِّنَاتِ وَالزُّبُرِ وَالْكِتَابِ الْمُنِيرِ ﴿١٨٣﴾

184 Siji-sijining jiwa iku bakal angrasakaké pati, lan ing dina kiyamat liliruné ganep bakal diparingaké marang sira; lah sapa

كُلُّ نَفْسٍ ذَائِقَةُ الْمَوْتِ وَإِنَّمَا تُوَفَّوْنَ أُجُورَكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ فَمَن زُحْزِحَ عَنِ

---

aturi mirsani Kaimanan 1: 9: "Lan iku mau kabèh kaobonga déning imam ana ing misybah, minangka kurban obaran, iya iku kurban saosan asarana geni, ganda arum lumadi marang Yéhuwah." Sarta kula aturi mirsani Pangandharing Torèt 33: 10, ing ngriku nyebutaken bilih nalika ambarkahi titiyang Israil Kanjeng Nabi Musa ngandika: "Badhé akukutug dupa wonten ing ngarsa Tuwan, tuwin nyaosaken kurban wetahan wonten ing misbyah Tuwan." Kacocogna ugi kaliyan Kaimanan 8: 18. Panyuwunipun titiyang Yahudi supados kanjeng Nabi maringi kurban ingkang tinedha ing latu, punika lugunipun nyuwun kurban obaran miturut saréngat Musa, dados kajengipun, ingkang dipun gegegi sanget-sanget punika: nabi ingkang kajanjèkaken punika kedah tiyang Israil tuwin kedah naluri angger-angger Yahudi, boten sami angèngeti bilih ingkang kajanjèkaken wonten ing Pangandharing Torèt 18: 18, punika nabi saking antawising sadhèrèkipun, inggih punika saking antawisipun titiyang Isma'il, tuwin nabi ingkang *kados* Kanjeng Nabi Musa, inggih mesthinipun sanès pandhèrèkipun saréngat Musa.

526. Ing ngriki para tukang anggugujeng wau sami dipun pangandikani bilih dalasan nabi-nabi ingkang sami nganggé saréngat Musa inggih sami dipun sédani déning para Yahudi, mangka rawuhipun punika kalayan ambekta "kang padha kosuwun." Dados yektinipun anggèning para titiyang wau sami angemohi, punika boten margi saking kikirangan tandha yakti, nanging margi saking wangkoting manahipun.

527. Dipun pangandikakaken bilih rawuhipun para nabi punika kalayan ambekta barang warni tiga, inggih punika: tandha-tandha yakti ingkang terang, *zabur* tuwin kitab ingkang sumunar. *Zabur* kula tegesi: *Pustaka-pustaka. Zabur* punika *jama'*-ipun *zubrah* ingkang ateges: *tugelan tosan ageng*, utawi jamakipun *zabur* ingkang ateges *barang ingkang kaserat.* Miturut Rgh *sarupining kitab ingkang atos serat-seratanipun*, punika winastan *zabur.* Miturut LL *zabur* ateges *kitabipun Pangéran ingkang angèl dipun suraos.* Zabur jamakipun *sarupining kitab ingkang kebak kawicaksanan* (Rz). Limrahipun para mufassirin sami nyuraos *zabur* punika kitab sucinipun para andika nabi, déné *kitab kang sumunar*, punika kitab ingkang ngemot saréngat Musa, sanajan wonten ugi sawenèhipun, ingkang mastani bilih kitab Zaburipun Kanjeng Nabi Dawud tuwin Kitab Injilipun Kanjeng Nabi 'Isa punika kagolong *kitab kang sumunar* wau (Rz). Pamanggih kula *zabur* ing ngriki punika ateges piweca-piweca utawi seratan-seratan ingkang mengku piweca, déné *kitab kang sumunar* punika kitab ingkang isi tuntunan ingkang kabekta déning saben nabi dhateng umatipun ingkang mangka pandam lan pandomipun.

sing diedohaké saka ing geni sarta dilebokaké ing taman, temen iku *kalakon sedyané*; lan kauripan donya iku ora liya kajaba mung kabungahan kang anjalomprongaké.

Ar. *olèh kabegjan*

النَّارِ وَأُدْخِلَ الْجَنَّةَ فَقَدْ فَازَ ۗ وَمَا
الْحَيٰوةُ الدُّنْيَآ إِلَّا مَتَاعُ الْغُرُورِ ﴿١٨٤﴾

185 Sayekti sira bakal cinoba ing dalem bandhanira lan jiwanira,[a] lan masthi sira bakal ngrungu *pangucap anyerikaké* sapirang-pirang saka para kang wus padha kaparingan Kitab ing sadurungira sarta saka para kang manembah pangéran-akèh;[528] lan manawa sira padha sabar sarta padha bekti, lah sayekti iki kalebu prakara-prakara (kang kudu di-) rungkebi.

a. 2: 155

Ut. *panyenggring*

لَتُبْلَوُنَّ فِي أَمْوَالِكُمْ وَأَنْفُسِكُمْ وَلَتَسْمَعُنَّ
مِنَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلِكُمْ وَمِنَ
الَّذِينَ أَشْرَكُوٓا أَذًى كَثِيرًا ۚ وَإِنْ تَصْبِرُوا
وَتَتَّقُوا فَإِنَّ ذٰلِكَ مِنْ عَزْمِ الْأُمُورِ ﴿١٨٥﴾

186 Lan nalikané Allah amundhut sasanggemané para kang wis padha kaparingan Kitab: Iki masthi kudu kogelaraké marang para manusa lan iki aja padha sira singidaké; ananging iki siningkiraké ing saburining gegeré sarta padha diurupaké kalawan reregan sathithik; dadiya ala barang kang diurupi iku.

وَإِذْ أَخَذَ اللّٰهُ مِيثَاقَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتٰبَ
لَتُبَيِّنُنَّهُ لِلنَّاسِ وَلَا تَكْتُمُونَهُ فَنَبَذُوهُ
وَرَآءَ ظُهُورِهِمْ وَاشْتَرَوْا بِهِ ثَمَنًا قَلِيلًا ۖ
فَبِئْسَ مَا يَشْتَرُونَ ﴿١٨٦﴾

187 Aja sira ngira, para kang padha seneng-seneng ing barang kang wis padha ditindakaké sarta demen yèn ingalembana karana barang kang dhèwèké padha ora nglakoni – lah aja sira ngira yén bakal luput saka ing siksa; lan bakal oléh bagéan siksa kang nglarani.

لَا تَحْسَبَنَّ الَّذِينَ يَفْرَحُونَ بِمَآ أَتَوْا
وَّيُحِبُّونَ أَنْ يُّحْمَدُوا بِمَا لَمْ يَفْعَلُوا
فَلَا تَحْسَبَنَّهُمْ بِمَفَازَةٍ مِّنَ الْعَذَابِ ۚ
وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١٨٧﴾

528. Nyata saèstu, langkung-langkung ing wekdal sapunika. Salebetipun saabad ingkang kapengker, kaum Muslimin tansah katundhung saking griya-griyanipun, Karajan-karajan Muslimin sinapu tapis tuwin atusan èwon titiyang Muslimin sami pinejahan ingkang boten sanès sababipun kajawi margi sami dados tiyang Muslimin. Tetembunganipun serat-serat kabar Nasrani ingkang nyerataken, sami ugi punapa serat kabar pulitik punapa serat-serat kabar ingkang kanggé mencaraken agaminipun, tuwin ingkang tiru-tiru punika wonten ing serat-serat kabar Hindu, sadaya sami langkah saking taker.

188 Lan kagungané Allah karatoning langit-langit lan bumi iku, sarta Allah iku marang samubarang kawasa.

وَلِلّٰهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ؕ وَاللّٰهُ
عَلٰى كُلِّ شَیْءٍ قَدِیْرٌ ﴿۱۸۸﴾

RUKU' 20

Menangipun-wekasan para Angéstu

189-193. Panyuwunipun para angèstu dhateng kanyataaning kamenangan janjinipun Gusti Allah. 194-198. Panyuwunipun sinembadan sarta kamenangan winecakaken. 199. Ananging piyambakipun kedah sami tetep sudira sarta tansah sumanggem anglampahi kangèlan.

189 Sayekti ing dalem tumitahing langit-langit lan bumi lan (ing dalem) gilir-gumantiné wengi lan rina, iku temen tandha-tandha tumrap wong kang padha ana akalé;

اِنَّ فِیْ خَلْقِ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَاخْتِلَافِ
الَّیْلِ وَالنَّهَارِ لَاٰیٰتٍ لِّاُولِی الْاَلْبَابِ ﴿۱۸۹﴾

190 Para kang padha angéling-éling Allah, kalawan ngadeg lan kalawan lungguh lan kalawan aléléyangan sarta kang padha mikir-mikir ing tumitahing langit-langit lan bumi: Pangéran kawula! Boten muspra anggèn Tuwan anitahaken punika. Mahasuci Tuwan punika, mila mugi Tuwan milujengaken kawula saking siksa latu;

الَّذِیْنَ یَذْكُرُوْنَ اللّٰهَ قِیٰمًا وَّقُعُوْدًا وَّعَلٰى
جُنُوْبِهِمْ وَیَتَفَكَّرُوْنَ فِیْ خَلْقِ السَّمٰوٰتِ
وَالْاَرْضِ ۚ رَبَّنَا مَا خَلَقْتَ هٰذَا بَاطِلًا ۚ
سُبْحٰنَكَ فَقِنَا عَذَابَ النَّارِ ﴿۱۹۰﴾

191 Pangéran kawula! saèstu, Tuwan, sinten ingkang Tuwan lebetaken ing latu, inggih saèstu Tuwan asoraken, lan panulung tumrap ingkang sami atindak dédé punika boten wonten:

رَبَّنَاۤ اِنَّكَ مَنْ تُدْخِلِ النَّارَ فَقَدْ
اَخْزَیْتَهٗ ؕ وَمَا لِلظّٰلِمِیْنَ مِنْ اَنْصَارٍ ﴿۱۹۱﴾

192 Pangéran kawula! saèstu kawula mireng juru sabda anguwuh-uwuh dhateng iman, panguwuhipun: Padha angèstua ing Pangéranira; milanipun kawula sami angèstu. Pangéran kawula! mila mugi Tuwan angapunten

رَبَّنَاۤ اِنَّنَا سَمِعْنَا مُنَادِیًا یُّنَادِیْ لِلْاِیْمَانِ
اَنْ اٰمِنُوْا بِرَبِّكُمْ فَاٰمَنَّا ۖ رَبَّنَا فَاغْفِرْ لَنَا

ذُنُوْبَنَا وَكَفِّرْ عَنَّا سَيِّاٰتِنَا وَتَوَفَّنَا مَعَ الْاَبْرَارِ ١٩٢

kawula ing kalepatan kawula, saha mugi Tuwan anutupi awon kawula, punapa déné mugi Tuwan amundhut nyawa kawula kagolongaken para tulus.

رَبَّنَا وَاٰتِنَا مَا وَعَدْتَّنَا عَلٰى رُسُلِكَ وَلَا
تُخْزِنَا يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ؕ اِنَّكَ لَا تُخْلِفُ الْمِيْعَادَ ١٩٣

193 Pangéran kawula! Saha mugi Tuwan amaringaken punapa ingkang sampun Tuwan janjèkaken dhateng kawula alantaran para utusan Tuwan, saha mugi ing dinten kiyamat Tuwan boten angesoraken ing kawula; saèstu Tuwan punika boten anulayani janji.

فَاسْتَجَابَ لَهُمْ رَبُّهُمْ اَنِّيْ لَاۤ اُضِيْعُ عَمَلَ
عَامِلٍ مِّنْكُمْ مِّنْ ذَكَرٍ اَوْ اُنْثٰى ۚ بَعْضُكُمْ
مِّنْۢ بَعْضٍ ۚ فَالَّذِيْنَ هَاجَرُوْا وَاُخْرِجُوْا
مِنْ دِيَارِهِمْ وَاُوْذُوْا فِيْ سَبِيْلِيْ وَقٰتَلُوْا
وَقُتِلُوْا لَاُكَفِّرَنَّ عَنْهُمْ سَيِّاٰتِهِمْ وَلَاُدْخِلَنَّهُمْ
جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ ۚ ثَوَابًا
مِّنْ عِنْدِ اللّٰهِ ؕ وَاللّٰهُ عِنْدَهٗ حُسْنُ الثَّوَابِ ١٩٤

Ar. *ing dhèwèké*

194 Mulané Pangérané anyembadani *panyuwuné*, pangandika-Né: Ingsun ora bakal angilang-ilangaké panggawénira kang atandang gawé, apa wong lanang apa wong wadon, sawenèhira iku saka ing sawenèhé; mulané para kang padha mlayu sarta padha tinundhung saka ing omah-omahé sarta padha dianiaya ing dalan-Ingsun, apa déné padha perang lan pinatènan, amasthi bakal Ingsun tutupi alané sarta masthi bakal Ingsun lebokaké ing patamanan kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili: ganjaran saka ngarsaning Allah, lan ing ngarsaning Allah isih ana ganjaran kang luwih becik.[529]

Ut. *ngisoré*

529. Punika piweca ingkang nyakup sadaya para sahabatipun Kanjeng Nabi ingkang sami katundhung saking griya-griyanipun, ingkang sami dipun kaniaya tuwin ingkang sami tumut peperangan kaliyan panjenenganipun. Wekasaning ayat punika nedahaken bilih janji badhé *kalebetaken dhateng taman*, punika wonten ing gesang sapunika punika, sarta kanyataanipun sampun dipun tuhoni, inggih punika nalika para Muslimin angsal kamenangan wonten ing tanah Mésopotamia. Déné ganjaran tumrap ing akhirat, kapangandikakaken ing dhawuh wau makaten: *ing ngarsaning Allah isih ana ganjaran kang luwih becik.*

لَا يَغُرَّنَّكَ تَقَلُّبُ الَّذِينَ كَفَرُوا فِي الْبِلَادِ ﴿١٩٥﴾

195 Aja angloropaké ing sira anggoné para kang padha kafir padha tumindak sakarep-karepé ana ing nagara-nagara.[530]

مَتَاعٌ قَلِيلٌ ثُمَّ مَأْوَاهُمْ جَهَنَّمُ ۚ وَبِئْسَ الْمِهَادُ ﴿١٩٦﴾

Ut. *sadhéla*

196 Kabungahan *sapélé*, tumuli naraka panggonané; lan ala palèrènan iku.

لَٰكِنِ الَّذِينَ اتَّقَوْا رَبَّهُمْ لَهُمْ جَنَّاتٌ تَجْرِي
مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا نُزُلًا مِنْ
عِنْدِ اللَّهِ ۗ وَمَا عِنْدَ اللَّهِ خَيْرٌ لِلْأَبْرَارِ ﴿١٩٧﴾

Ut. *ngisoré*

197 Ananging para kang padha bekti ing Pangérané, bakal padha olèh patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ing kono; sadhiyan saka ngarsaning Allah, lan sabarang kang ana ngarsaning Allah iku luwih becik tumrapé para tulus.

وَإِنَّ مِنْ أَهْلِ الْكِتَابِ لَمَنْ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ
وَمَا أُنْزِلَ إِلَيْكُمْ وَمَا أُنْزِلَ إِلَيْهِمْ
خَاشِعِينَ لِلَّهِ لَا يَشْتَرُونَ بِآيَاتِ اللَّهِ
ثَمَنًا قَلِيلًا ۗ أُولَٰئِكَ لَهُمْ أَجْرُهُمْ عِنْدَ
رَبِّهِمْ ۗ إِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ ﴿١٩٨﴾

198 Lan sayekti, para pandhèrèking Kitab iku ana kang angèstu ing Allah lan (ing) barang kang kadhawuhaké marang sira lan ing barang kang kadhawuhaké marang dhèwèké, padha sumungkem maring Allah, ora angijolaké timbalan-timbalaning Allah kalawan reregan sepélé; iki kang ganjarané bakal padha olèh ing ngarsaning Pangérané; sayekti Allah iku rikat ing pangétung.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اصْبِرُوا وَصَابِرُوا
وَرَابِطُوا وَاتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿١٩٩﴾

Ut. *santosa*

Ut. *ngungkulana*

199 É, para kang padha angèstu, padha di sabar sarta padha *onjon-onjonana* ing kasabaran lan padha di *sudira*, tuwin padha di bekti ing Allah, supaya sira padha begja.

---

530. Tembung تَقَلُّبُ فِي الْبِلَادِ punika wonten ing jarwen basa Inggris dipun tegesi: *coming in and going out of the cities* ingkang jawinipun: *mlebu-metu ana ing kutha-kutha.* Nanging tegesipun ingkang leres *tumindhak ing sakajeng-kajengipun* (LL, TA). Suraosipun: anggènipun katingal kuwaos punika tumunten badhé dipun rampungi.

آيَاتُهَا ١٧٦ — سُورَةُ النِّسَآءِ مَدَنِيَّةٌ (٤) — رُكُوعَاتُهَا ٢٤

SURAT 4

AN-NISA’

(*Para èstri*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*24 ruku’, 177 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’	1.	Kawajibanipun para wali dhateng laré-laré ingkang dipun opèni.
Ruku’	2.	Angger-anggering warisan.
Ruku’	3.	Garapipun dhateng èstri.
Ruku’	4.	Èstri ingkang kénging dipun sémah.
Ruku’	5.	Èstri gadhah wewenang nanjakaken rajadarbèkipun.
Ruku’	6.	Prakawis jaler kaliyan èstri boten cocog.
Ruku’	7.	Kasucian lair lan batos.
Ruku’	8.	Sawarnining tumiyungipun manah dhateng tindak dédé tuwin lampah awon kedah dipun singkiri.
Ruku’	9.	Para lamis boten purun anampèni pancasanipun Kanjeng Nabi.
Ruku’	10.	Para angèstu kedah sami lumawan anjagi dhiri.
Ruku’	11.	Sikepipun para lamis dhateng para angèstu.
Ruku’	12.	Kados pundi garapipun dhateng para lamis.
Ruku’	13.	Manawi kados pundi sarta ngantos sapinten kéngingipun tiyang mejahi tiyang dipun apunten.
Ruku’	14.	Titiyang Muslimin ingkang manggèn ing kalanganipun mengsah.
Ruku’	15.	Salat salebeting perang.
Ruku’	16, 17.	Parepatanipun para lamis ingkang winados.
Ruku’	18.	Panyembah brahala tinulak.
Ruku’	19.	Garap ingkang adil dhateng para laré yatim sarta para èstri.
Ruku’	20.	Garap ingkang adil dhateng sadaya manusa sarta pancasan dhateng lalamisanipun para Yahudi.
Ruku’	21.	Kawusananipun para lamis Yahudi.
Ruku	22.	Panerakipun para Yahudi.
Ruku’	23.	Wahyu ingkang rumiyin-rumiyin angekahaken leresipun Quran.
Ruku’	24.	Kanabianipun Kanjeng Nabi ‘Isa sarta angger-anggering warisan.

Nama lan sasambetanipun

Surat punika kanamakaken *Para Èstri*, awit ingkang baku karembag punika wewenang-wewenangipun èstri.

Nadyan wekasaning dhawuh ing surat ingkang sampun kaliyan wiwitaning dhawuh ing surat punika mèh nunggil suraos, éwadéné sasambetanipun ingkang sajatos surat kakalih punika makaten: péranganipun ingkang wekasan surat ingkang kaping tiga, punika ngrembag bab perang Uhud, lah, surat punika dipun wiwiti ngrembag kawontenan-kawontenan ingkang tuwuh awit saking wontenipun peperangan wau. Prajurit Muslimin ingkang sami tiwas punika atilar randha lan laré yatim ingkang boten sakedhik cacahipun, ingkang kedah dipun opèni gesangipun; lah inggih prakawis kawajiban-kawajiban dhateng golongan kakalih punika, ingkang dipun anggé mbukani surat punika.

Ingkang kawarsitakaken

Kados déné ingkang sampun katerangaken ing ngajeng, ingkang baku piyambak surat punika ngrembag kawontenan-kawontenan ingkang tuwuh awit saking wontenipun peperangan ing Uhud. Punika kedah dipun èngeti salebetipun nimbang-nimbang masalah bab prakawis urut lan runtutipun bab ingkang karembag wonten ing surat punika. Kadadosan ingkang enggel piyambak wonten ing perang Uhud punika: kathahipun para Muslimin ingkang tiwas lan minggatipun para titiyang munafik; sasampunipun punika lajeng katungka ing wontenipun kawontenan-kawontenan ingkang mahanani memengsahan kaliyan para titiyang Yahudi. Kawontenan ingkang angka satunggal lajeng ambetahaken rembag bab prakawis wewenangipun para laré yatim tuwin para randha, awit saking punika mila ngantos nem ruku' dipun mligèkaken kanggé ngrembag bab punika. Ruku' ingkang wiwitan piyambak andhawuhaken pranatan-pranatan ingkang gagayutan kaliyan kawajiban wali dhateng laré yatim momonganipun. Ruku' ingkang kaping kalih maringi lenggah dhateng tiyang èstri sami kaliyan jaler, sarta ngundhangaken angger-angger énggal bab warisan, awit ing antawisipun bangsa Arab, tiyang èstri punika boten gadhah wewenang maris bandhaning krabatipun ingkang tilar donya. Ruku' ingkang kaping tiga ngrembag bab pangrengkuh dhateng tiyang èstri umumipun sarta ngawisi adat tata-cara ingkang nganggep tiyang èstri kados déné bandha warisan. Ruku' ingkang kaping sekawan ngrembag bab èstri ingkang boten kénging dipun pendhet sémah, ruku' ingkang kaping gangsal maringi wewenang dhateng para èstri nanjakaken rajadarbèkipun ing sakajeng-kajengipun; déné ruku' ingkang kaping nem, wiwitan maringi pitedah usadanipun manawi laki rabi boten saged atut, sarwi miwiti rembag bab lalamisan wonten ing wekasanipun.

Sasampunipun ngantebaken wigatosipun kasucian lair lan batin, wonten ing ruku' ingkang kaping pitu lan kaping wolu, sarwi anedahaken kados pundi anggènipun para Yahudi sami nglirwakaken ing kasucian batin, sarta kados pundi anggènipun sami mihak dhateng para musyrik, ingkang boten sanès sababipun kajawi margi panastèn dhateng para Muslimin, sarta sasampunipun andhawuhaken dhateng para Muslimin supados sami tetep nglenggahi adil, ing ruku' ingkang kaping sanga lajeng nyandhak ngrembag para lamis ingkang sami angemohi pancasanipun Kanjeng Nabi supados tumut perang mapagaken mengsah; wondéné ruku' ingkang kaping sadasa andhawuhaken, bilih masalah perang punika masalah pejah gesangipun para Muslimin. Ruku' ingkang kaping sawelas ngrembag bab sikepipun para titiyang munafik, ruku' kalih welas ngrembag kados pundi garapipun dhateng para lamis wau. Ruku' ingkang kaping tigawelas, nyebutaken: manawi kados pundi sarta ngantos sapinten kéngingipun tiyang ingkang mejahi tiyang Muslimin dipun apunten, jalaran asring sanget titiyang Islam dipun pejahi sarana lampah cidra utawi lalamisan. Ruku' ingkang kaping sekawanwelas marsitakaken bilih para titiyang Muslimin ingkang manggèn wonten ing kalanganing mengsah, karana kepeksa lan boten margi saking kajengipun piyambak, punika dipun apunten. Ruku' ingkang kaping gangsalwelas paring pèpènget dhateng titiyang Muslimin, sampun ngantos sami katukup kanthi dumadakan wonten ing paperangan nalika sami nindakaken salat. Ruku' ingkang kaping nembelas lan pitulas nyebutaken rembagipun ingkang kanthi dhedhemitan para lamis. Ruku' ingkang kaping wolulas nglepataken panembah brahala, awit inggih para munafik manembah brahala punika ingkang kapangandikakaken wonten ing ruku' ingkang rumiyin-rumiyin punika; dumugi samanten rembag bab prakawis punika kacuthel.

Sadèrèngipun mbubukani prakawis ingkang angka tiga ingkang dados rembag baku wonten ing surat punika, langkung rumiyin wonten ing ruku' ingkang kaping sangalas mangsuli bab garap ingkang adil dhateng para laré yatim lan para èstri, lan wonten ing ruku' ingkang kaping kalihdasa bab punika dipun damel umum; ing ruku' kalihdasa punika ugi para lamis saking antawisipun para Yahudi karembag. Ruku' candhakipun mecakaken kawusananipun para titiyang wau, sarwi anedahaken bilih angèstu dhateng para andika nabi ingkang rumiyin-rumiyin punika boten maédahi punapa-punapa dhateng piyambakipun, manawi piyambakipun angemohi Kanjeng Nabi. Ruku' ingkang kaping kalihlikur mangandikakaken anggènipun sami gadhah tindak panerak lan pangakenipun ingkang dora bab sédanipun Kanjeng Nabi 'Isa wonten ing kajeng palang (salib). Ruku' ingkang kaping tigalikur dhawuh dhateng para nabi wau sadaya piweca ingkang rumiyin-rumiyin punika mecakaken badhé rawuhipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad, déné ruku' ingkang wingking piyambak, sasampunipun nyebutaken kalayan cekak sasaripun para titiyang Nasrani anggènipun mangéran dhateng Kanjeng Nabi 'Isa lajeng mungkasi pangandika kalayan mangsuli bab prakawis warisan, kanthi mengku sasmita bilih warisan kanabian pindah saking trah Israil dhateng trah Isma'il.

RUKU' 1

Kawajibanipun para wali dhateng laré-laré ingkang dipun opèni

1. Angajèni dhateng tatangsuling gotrah. 2. Sampun angemos-emos bandhanipun laré yatim. 3, 4. Sémah langkung saking satunggal dipun idini, perlu angopèni laré yatim. 5, 6. Anggènipun angopèni laré yatim. 7. Tiyang punika jalera utawi èstri sami angsal warisan 8, 9. Sanak tebih tuwin kamlaratan kedah dipun rengkuh kaliyan kaloman. 10. Pèpènget, sampun ngantos angumpetaken bandhanipun laré yatim.

Kalayan asmanipun Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 É, Para manusa! Padha di bekti ing Pangéranira, kang wus anitahaké sira saka ing babakalan sawiji sarta anitahaké jodhoné saka (jinis) iku (uga)[531] tuwin amencar-aké saka sakaloron iku sapirang-pirang wong lanang lan wong

يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوْا رَبَّكُمُ الَّذِيْ خَلَقَكُمْ مِّنْ نَّفْسٍ وَّاحِدَةٍ وَّخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيْرًا وَّنِسَآءً

Titimangsa tumurunipun

Nitik anggènipun surat punika ngrembag masalah warni-warni ingkang tuwuh margi saking wontenipun perang Uhud, kados sampun tétéla manawi tumurunipun surat punika boten antawis dangu kaliyan wontenipun paperangan wau. Dados, menggah ing urut-urutaning pranatanipun lan menggah ing urut-urutaning tumurunipun, surat punika candhakipun surat ingkang sampun. Dados ingkang sapérangan ageng surat punika kagolong dhawuh ingkang tumurun nalika taun Hijrah kaping sekawan, déné sawenèh pépéranganipun malih saged ugi tumurunipun punika nalika ngajengaken wekasaning taun Hijrah ingkang kaping tiga utawi ing wiwitaning taun Hijrah ingkang kaping gangsal; bab sampun boten perlu pinaiben malih. Nanging panginteniipun tuwan Noeldeke bilih ayat 115—125 lan ayat 130—132 kagolong wahyu Makkiyah, dupèh ing ngriku para Yahudi "kasebutaken kalayan semangat mimitran," punika lepat sanget, jalaran kados déné ingkang katerangaken ing 478 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun, Kanjeng Nabi punika sakalangkung saé tangkepipun dhateng para titiyang Yahudi, nadyan piyambakipun punika sanget anggènipun mengsah ing panjenenganipun, awit saking punika inggih saged kémawon ayat-ayat wau kagolong dhawuh ingkang tumurun nalika taun Hijrah ingkang kaping sekawan utawi gangsal.

---

531. Tembung *nafs* punika gadhah teges warni kalih. Abu Ishaq ngandika: "Ing basanipun tiyang Arab tembung *nafs* punika dipun anggé warni kalih, sapisan wonten ing ukara ingkang mungel خرجت نفسه, ing ngriki tembung *nafs* punika mengku teges *ruh* utawi *jiwa*, kaping kalih *nafs* ingkang ateges *sagemblengipun satunggaling barang*, tuwin *sarinipun* (TA). Teges ingkang kaping kalih wau ingkang kagem mangandikakaken Quran Suci bab prakawis tumitahipun jodho, dados ing dalem bab prakawis punika tegesipun tembung *nafs* ingkang leres punika *jinis*, ingkang mengku suraos sari. Bab punika katerangaken wonten ing 16: 72 "Lan Allah wis anggawèkaké jodho sira saka ing awakira" suraosipun: saka jinis utawa sari kang kaya sira mangkono. Déné tembungipun ingkang asli, dhawuh ingkang dipun tegesi *saka ing awakira* ing ayat ingkang kapethik ing nginggil wau mungel: *min anfusikum*, ingkang ugi saged dipun tegesi *saka jiwanira* utawa *saka jinisira*, sarta badhé saged kasumerepan bilih inggih namung teges ingkang angka kalih wau ingkang saged dipun anggé. Sawenèh mufassir nganggé teges punika kanggé negesi tembung wau tumrap ing ayat ngriki, sawenèhipun kadosta Ibnu Bahr tuwin Abu Muslim, ingkang negesi ayat wau خلق من جنسها زوجها

wadon;[532] lan padha dibekti marang Allah, kang padha sira anggo jaluk-jinaluk (hakira) sarta (padha di tumemen marang) tatalining gotrah;[533] sayekti Alah iku anjangkung marang sira.

وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ ۚ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا ①

2 Lan bocah yatim iku wènèhna bandhané, sarta sira aja padha
Ut. *anyalini* *anyalibukaké* (barang) ala ing (barangé) kang becik, lan aja sira padha mangan bandhané (sira gémblokaké) marang bandhanira; sayekti iki panggawé-dosa kang gedhé.[534]

وَآتُوا الْيَتَامَىٰ أَمْوَالَهُمْ ۖ وَلَا تَتَبَدَّلُوا الْخَبِيثَ بِالطَّيِّبِ ۖ وَلَا تَأْكُلُوا أَمْوَالَهُمْ إِلَىٰ أَمْوَالِكُمْ ۚ إِنَّهُ كَانَ حُوبًا كَبِيرًا ②

3 Lan manawa sira kuwatir yèn sira ora bisa tumindak jejeg
a. 4: 129 marang bocah yatim, lah padha nikaha para wadon iku, kang becik tumrapé sira, loro-loro sarta telu-telu tuwin papat-papat;[535] ananging

وَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا تُقْسِطُوا فِي الْيَتَامَىٰ فَانْكِحُوا مَا طَابَ لَكُمْ مِنَ النِّسَاءِ مَثْنَىٰ وَثُلَاثَ وَرُبَاعَ ۖ

---

jodhoné saka jinis iku uga (AH, Rz). Hasan ugi nerangaken dhawuh wau من جنسها inggih punika: *saka jinis iku uga* (AH ing 7: 189).

Dados dhawuh punika angundhangaken *kasawijènipun* sadaya bangsa manusa tuwin *saminipun* jaler lan èstri.

532. "Sapirang-pirang wong lanang lan wong wadon," sami tuwuh saking tiyang sésémahan. Pamanggih kula ayat punika boten kedah kasuraos nerangaken bapa-biyungipun sagung para manusa. Maksud ingkang sumimpen wonten ing dhawuh punika sajakipun kanggé ngèngetaken manusa, bab prakawis kekahing tatangsulipun gotrah; bab punika kalayan gamblang badhé kagelaraken wonten ing dhawuh candhakipun.

533. Tembungipun ingkang asli *arhâm*, jama'ipun *rahîm*, ingkang jawinipun *talanakan* utawi *panggènan angsal kamulanipun ajabang bayi*; milanipun lajeng mengku teges *gotrah* (sawenèh mastani tartamtu *namung gotrah saking jaler èstri*) utawi *tatangsuling gotrah* (TA-LL). Awit saking punika mila وصل الرحم, punika ateges *saé pangrengkuhipun dhateng sanak sadhèrèk*, déné قطع الرحم ateges boten saé pangrengkuhipun dhateng sanak sadhèrèk.

534. Ngopèni laré yatim punika salah satunggaling paréntahipun Islam ingkang kadhawuhaken rumiyin piyambak sarta Kanjeng Nabi Suci tansah mrihatosaken kawilujenganipun titiyang miskin tuwin laré yatim punapa déné panjenenganipun andhawuhaken supados para miskin lan laré yatim wau dipun rengkuha boten béda kados warganing babrayan sanèsipun. Kulo aturi mirsani dhawuh ing 282 tuwin 283, makaten ugi ing 90: 15, 16 ingkang nerangaken bilih ngopèni ''laré yatim tuwin tiyang miskin ingkang nglésod wonten ing siti" punika pakaryan ingkang sumengka, nanging ingkang kedah dipun tindakaken sacekapipun. Déné sababipun bab punika katerangaken kalayan wijang wonten ing ngriki, punika jalaran margi wontenipun peperangan, cacahipun laré yatim saya mindhak kathah.

535. Dhawuh punika ngidini sémah langkung saking satunggal kalayan ginantungan ing janji-*janji.* Ayat punika boten andhawuhaken *wayuh, ngidini ingkang kalayan tanpa wonten janggelanipun* inggih boten. Kados prayogi dipun pèngeti ing ngriki, bilih tafsiranipun ayat punika ingkang limrah-

فَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا تَعْدِلُوا فَوَاحِدَةً
أَوْ مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ ۚ ذَٰلِكَ أَدْنَىٰ
أَلَّا تَعُولُوا ﴿٣﴾

manawa sira kuwatir yèn sira ora bakal tumindak adil,[a] lah ya (nikaha) siji baé utawa apa kang kadarbé ing tangan-tanganira tengen; iki luwih amantesi, supaya sira ora padha sumimpang saka ing tuju kang bener.[536]

---

limrah, punika awawaton hadits ingkang kasebut ing *Muslim.* Hadist wau nyariyosaken bilih anggènipun nyuraos Siti ‘Aisyah dhateng ayat punika makaten: manawi ingkang angopèni laré èstri yatim punika kuwatos boten saged adil manawi nyémah laré èstri yatim wau, prayogi mendhet sémah tiyang èstri sanès kémawon. Nadyan kénginga dipun anggé waton hadits punika, paham kados wau lajeng murugaken dhawuh wau perlu dipun wewahi tetembungan, ingkang pancènipun boten pinanggih wonten ing ungeling dhawuh ingkang asli. Prayoginipun dhawuh punika dipun tafsiri kados katrangan ing ngandhap punika, jalaran tegesipun dhawuh lajeng saya cetha lan katrangan punika langkung cocog kaliyan ungeling dhawuh, tur boten susah mawi dipun wewahi tetembungan-tetembungan wau. Sampun sami dipun akeni bilih surat punika anggènipun dipun turunaken supados dipun anggé tuntunan déning para Muslimin nalika sami ngalami kawontenan ing sabibaripun perang Uhud, jer perangipun wau cacah jiwa Muslimin 700 tiwas ingkang 70, lah ingkang makaten punika ateges cacah jiwanipun tiyang jaler suda kathah sanget, ing mangka para titiyang wau sami titiyang jaler ingkang kawogan ngupados nafkah, dados mesthinipun inggih piyambakipun punika ingkang ngopèni lan ngayomi para èstri. Kajawi punika ingkang cepak kémawon, cacah jiwanipun tiyang jaler punika taksih badhé suda malih, inggih punika wonten ing peperangan-peperangan ingkang badhé kelampahan, sarta cacah jiwanipun tiyang èstri badhé saya wewah kathah, manawi kawewahan tiyang ingkang katawan wonten ing paprangan. Dados badhé kathah laré yatim ingkang kawengku ing para warandha, ingkang mesthinipun badhé rekaos ngupadosaken ingonipun. Punika sebabipun, déné ing ayat ingkang sapisan ing surat punika para Muslimin kadhawuhan ngaosi dhateng tatangsuling gotrah; sarta rèhning sadaya tiyang punika asli saking luluhur satunggal, milanipun gotrah ing ngriki kadamel wiyar suraosipun, inggih punika kadhawuhaken bilih sadaya manusa punika menggah ing sajatos-jatosipun taksih magepokan sanak satunggal lan satunggalipun. Ayat ingkang kaping kalih andhawuhaken ngopèni laré yatim. Ayat ingkang angka tiga mangandikakaken, manawi tiyang jaler boten saged atindak adil dhateng laré-laré yatim, piyambakipun kénging nyémah warandha biyungipun laré yatim wau, supados laré-laré yatim wau lajeng manjing dados anakipun piyambak, sarta ing rèhning sapunika cacah jiwanipun tiyang èstri langkung kathah sanget katimbang lan cacah jiwanipun tiyang jaler, piyambakipun dipun idini mendhet sémah kalih utawi tiga utawi sekawan. Dados terang bilih palilah ingkang ngidini wayuh (sémah langkung saking satunggal), punika anggènipun dipun paringaken nyarengi nalika babrayan Muslimin nalika jaman samanten ngalami kawontenan-kawontenan ingkang sulaya ing ngadat. Tindakipun Kanjeng Nabi anggènipun anggarwa para warandha, tuwin tutuladha-nipun para sahabat Nabi, ngiyataken katerangan punika. Nyémah laré yatim ugi dipun idini wonten ing dhawuh punika, jalaran tumrap laré yatim, punika boten prabéda lan èstri warandha, sami déné nandhang rekaos, mangka dhawuh punika wiyar suraosipun. Kula aturi mirsani ugi katrangan angka 631.

Prayogi dipun terangaken pisan ing ngriki bilih wayuh miturut piwulangipun agami Islam, inggih téorinipun inggih praktikipun, punika sanès prakawis padintenan, nanging prakawis ingkang kéngingipun katindakaken manawi wonten perlunipun; sarta wayuh ingkang kados makaten tumindakipun, punika saged ambrastha piawon pinten-pinten, langkung-langkung ingkang mratah ing kalangan babrayan Éropa. Ing sawenèh prakawis, boten namung langkung kathahing cacah jiwanipun tiyang èstri ngungkuli cacah jiwanipun tiyang jaler kémawon, ingkang lajeng ambetahaken tumindakipun tatanan wayuh, nanging taksih kathah malih kawontenan-kawontenan ingkang lajeng ambetahaken tumindakipun tatanan wayuh wau ingkang mawi ginantungan ing janji-janji sarta punika boten wonten namung karana kanggé rumeksa ing kawilujenganing budipakertinipun babrayan kémawon, nanging ugi kanggé rumeksa ing kawilujenganing raganipun. Palanyahan, inggih punika piawon ingkang ageng tumrap ing jaman kamajengan sapunika punika, aliyas jati-jatining sasakit

536. *Mirsanana kaca candhakipun.*

4 Lan para wadon iku padha wènèhna mas kawiné dumunung pawèwèh kalawan legawa, ananging manawa si wadon mulung dhéwé kang sapérangan marang sira, iya sira pangana kalawan énak lan klawan becik kadadéané.[537]

وَاٰتُوا النِّسَآءَ صَدُقٰتِهِنَّ نِحْلَةً ؕ فَاِنْ طِبْنَ لَكُمْ عَنْ شَىْءٍ مِّنْهُ نَفْسًا فَكُلُوْهُ هَنِيْٓـًٔا مَّرِيْٓـًٔا ﴿٤﴾

5 Lan aja amènèhaké bandhanira,[538] kang kadadèkaké déning Allah tumrap ing sira dadi (sarananing) pangupakara,[539] marang kang padha *ora* ganep akalé, sarta iki padha ingonana lan sandhangana saka (babathèn)-é (bandha) iku[540] lan padha calathonana *tutur kang bener.*

Ut. *durung*

Ut. tembung kang becik

وَلَا تُؤْتُوا السُّفَهَآءَ اَمْوَالَكُمُ الَّتِىْ جَعَلَ اللّٰهُ لَكُمْ قِيٰمًا وَّارْزُقُوْهُمْ فِيْهَا وَاكْسُوْهُمْ وَقُوْلُوْا لَهُمْ قَوْلًا مَّعْرُوْفًا ﴿٥﴾

---

ingkang ambabayani, kawimbuhan malih anggènipun mahanani tansah wewah-wewahing lahiripun jabang bayi ingkang kalayan boten absah, babar pisan boten pinanggih wonten ing nagari-nagari ingkang ngidini wayuh kanggé usada.

536. *Apa kang ing tangan-tanganira tengen*, punika ingkang dipun karsakaken tiyang èstri ingkang katawan wonten ing paprangan. Ing ayat punika Quran Suci ngidini sésémahan kaliyan para èstri wau. Déné janji-janjinipun sésémahan kaliyan tiyang èstri makaten punika, mirsanana katrangan angka 561. Kula boten naté nrenjuhi dhawuh saayat kémawon ing Quran Suci, utawi tuladha ingkang sampun katindakaken Kanjeng Nabi ing nalika jaman sugengipun, ingkang ngidini mengku tiyang èstri ingkang kalayan boten medal margi ingkang absah.

537. Sok tiyanga èstri ingkang kasémah wajib dipun sukani "maskawin," sami kémawon punapa tiyang èstri wau tiyang èstri mardika, laré yatim, punapa tiyang èstri ingkang katukup wonten ing paprangan. Dados, sadhéngah tiyang èstri, punika anggènipun murwani gesang-sésémahan kalayan andarbèki bandha boten kètang sakedhik, dadosipun sésémahan makaten dados sarana ingkang kanggé anjunjung drajatipun èstri, malah ing dalem pinten-pinten babagan ngantos sasami-sami kaliyan lakinipun.

538. *Bandhanira*, punika ingkang dipun karsakaken bandhanipun laré yatim *kang sira opèni*. Ayat punika masang tatalesing tatanan bab wali-yatim (*Court of Wards*), inggih punika babadan ingkang mligi ngurus kawontenanipun laré yatim. Ayat punika ngarsakaken wontenipun juru-ngopèni para ingkang boten jangkep akalipun, sami ugi punapa sabab taksih alit utawi sabab sanèsipun malih.

539. *Qiyam* punika lingganing tembung, ateges *ingon* utawi *pangitik-itik*, *pangupakara*. Rèhning bandha punika kanggé sarananing pangupakara utawi ingon, milanipun lajeng dipun wastani "pangupakara" utawi "ingon." Bab prakawis gesang ing sapunika punika wonten wekasanipun, boten langgeng, punika dipun wigatosaken sanget déning Quran Suci, nanging Quran inggih maringi piwulang, bandha punika sanès barang ingkang kedah kasingkur utawi kabucal, jalaran punika sarananing pangupakara ingkang baku piyambak.

540. Miturut AH tegesipun dhawuh وَّارْزُقُوْهُمْ فِيْهَا punika: "Anggonen sarana ngingoni dhèwèké kalawan sira lakokaké kanggo dadagangan lan kanggo golèk babathèné, supaya sira bisa nyukupi kabutuhané dhèwèké saka babathèné, ora saka baboné." Rz ugi nerangaken ingkang makaten punika. Hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang magepokan kaliyan bab punika ugi wonten, makaten: "Bandhané bocah yatim iku dianggoa dagang, supaya zakat ora ngelong-elongi kèhé" (AH).

6 Lan dadaren bocah-bocah yatim iku nganti tumeka déwasa;[541] lah, yèn panemunira wis padha ganep akalé, iya tampakna bandhané marang dhèwèké, lan aja sira pangan kalawan kaladuk tuwin agé-agé, kuwatir yèn padha ndang gedhé;[542] lan sapa sing sugih, lah aja angalap pakolih, sarta sapa sing mlarat, lah mangana kalawan becik (duga-duganira).[543] Lah samangsa sira anampakaké bandhané marang dhèwèké, nganggo seksèkna kalawan padha anané; lan Allah iku wis cukup minangka juru pétung.

وَابْتَلُوا الْيَتٰمٰى حَتّٰىٓ إِذَا بَلَغُوا النِّكَاحَ ۚ فَإِنْ
آنَسْتُمْ مِّنْهُمْ رُشْدًا فَادْفَعُوٓا إِلَيْهِمْ أَمْوَالَهُمْ ۚ
وَلَا تَأْكُلُوهَآ إِسْرَافًا وَّبِدَارًا أَنْ يَّكْبَرُوا ۗ
وَمَنْ كَانَ غَنِيًّا فَلْيَسْتَعْفِفْ ۚ وَمَنْ كَانَ
فَقِيرًا فَلْيَأْكُلْ بِالْمَعْرُوفِ ۚ فَإِذَا دَفَعْتُمْ
إِلَيْهِمْ أَمْوَالَهُمْ فَأَشْهِدُوا عَلَيْهِمْ ۚ وَكَفٰى
بِاللّٰهِ حَسِيبًا ﴿٦﴾

7 Wong-wong lanang padha duwé panduman barang tinggalané wong tuwané loro sarta para akrabé, lan wong-wong wadon padha duwé panduman barang tinggalané wong tuwané loro sarta para akrabé, ana kang sathithik bagéané *ana kang* akèh; bagéan kang wis tinamtu.[544]

Ar. *utawa*

لِلرِّجَالِ نَصِيبٌ مِّمَّا تَرَكَ الْوَالِدٰنِ
وَالْأَقْرَبُونَ ۖ وَلِلنِّسَآءِ نَصِيبٌ مِّمَّا تَرَكَ
الْوَالِدٰنِ وَالْأَقْرَبُونَ مِمَّا قَلَّ مِنْهُ
أَوْ كَثُرَ ۚ نَصِيبًا مَّفْرُوضًا ﴿٧﴾

---

541. Miturut Imam Abu Hanifah, wiwitipun laré diwasa punika manawi sampun umur wolulas taun. Dados umur wolulas taun wau wekasaning wawangen laré kénging inganggep dèrèng jangkep akalipun. Nanging manawi dumugi umur samanten wau meksa dèrèng jangkep akalipun, watesing wawangen wau kénging dipun ulur malih (Bd, Rz).

542. Terangipun: *Aja agé-agé nanjakaké bandhané bocah kang durung ganep akalé, kalayan pamrih supaya ènggal entèka sadurungé bocah-bocah mau tumeka umur diwasa.*

543. Dhawuh punika ngidini juru-pangreksaning bandhanipun laré yatim mendhet balanja sapantesipun saking darbekipun laré yatim wau, manawi piyambakipun punika sanès tiyang ingkang cekap. Pamendhetipun kedah namung sapantes, mawi dipun timbang sapinten pangaosipun bandha wau tuwin sapinten pangaosipun padamelan angreksa bandha wau.

544. Ingkang sampun kacara wonten ing kalanganipun bangsa Arab, tiyang èstri lan laré alit punika sami boten angsal panduman warisan, jalaran bangsa Arab gadhah paugeran makaten: "Ora bisa maris kajaba kang bisa nyuduk kalawan tumbak" (Rz). Déné sababipun: ing tanah Arab sadèrèngipun rawuh agami Islam, peperangan punika tansah wonten kémawon, milanipun inggih namung tiyang ingkang saged tumut perang kémawon ingkang kalebet ing cacah. Wontenipun éwah-éwahan ageng punika, inggih ingkang margi saking punika drajating èstri kajunjung saking kawontenanipun ingkang asor ngantos saged sasami-sami kaliyan tiyang jaler, punika terang manawi mratandhani bilih rahayu badhé jumeneng wonten tanah Arab.

Wawaton ingkang kadhawuhaken ing ayat punika, dados dhadhasaring pranatan warisan cara Islam. Anak tuwin akrab ingkang celak, boten wontenipun punika inggih akrab ingkang tebih, inggih jalera inggih èstria, punika sami dados waris ingkang sah, dados boten kok barang titilaran sadaya dhumawah dhateng anak jaler ingkang sepuh piyambak; Nadyan kados pundi kémawon anggènipun mastani tiyang ingkang boten ngakeni saénipun tatanan punika, dupèh mecah-mecah bandha ngantos

8 Lan yèn nalika pangedumé ana sanak (adoh)[545] lan bocah-bocah yatim sarta wong-wong miskin padha teka ameruhi, lah padha wènèhana ujuran sarta padha angucapna tembung manis marang dhèwèké.

وَإِذَا حَضَرَ الْقِسْمَةَ أُولُوا الْقُرْبٰى وَالْيَتٰمٰى
وَالْمَسٰكِيْنُ فَارْزُقُوْهُمْ مِّنْهُ وَقُوْلُوْا
لَهُمْ قَوْلًا مَّعْرُوْفًا ﴿٨﴾

9 Lan di padha wedi (atindak ora adil marang para bocah yatim) para kang manawa ing sapungkuré bakal atinggal turun kang (isih) apes kang padha dikuwatiraké; mulané padha di bekti maring Allah, lan padha ngucapna tembung kang jejeg.

وَلْيَخْشَ الَّذِيْنَ لَوْ تَرَكُوْا مِنْ خَلْفِهِمْ
ذُرِّيَّةً ضِعٰفًا خَافُوْا عَلَيْهِمْ ۖ فَلْيَتَّقُوا
اللّٰهَ وَلْيَقُوْلُوْا قَوْلًا سَدِيْدًا ﴿٩﴾

10 Sayekti para kang padha mangan bandhané bocah yatim kalawan tindak dudu, iku salugune sing dilebokaké ing wetengé geni, lan bakal padha nyemplung ing geni kang murub.

إِنَّ الَّذِيْنَ يَأْكُلُوْنَ أَمْوَالَ الْيَتٰمٰى ظُلْمًا
إِنَّمَا يَأْكُلُوْنَ فِيْ بُطُوْنِهِمْ نَارًا ۖ
وَسَيَصْلَوْنَ سَعِيْرًا ﴿١٠﴾ ع

RUKU' 2

Angger -anggering warisan

11. Prakawis anak sarta prakawis tiyang sepuh ingkang gadhah anak utawi boten. 12. Pandumaning warisan tiyang jaler utawi tiyang èstri, gadhah anak utawi boten sarta pandumaning warisan sadhèrèk èstri lan jaler, bilih boten wonten anak. 13, 14, Pidananipun anerak angger-angger.

11 Allah adhawuh marang sira tumrap anak-anakira: lanang duwé panduman padhané pandumané wadon loro; nanging manawa wadon kabèh, luwih saka loro,[546]

يُوْصِيْكُمُ اللّٰهُ فِيْٓ أَوْلَادِكُمْ لِلذَّكَرِ مِثْلُ
حَظِّ الْأُنْثَيَيْنِ ۚ فَإِنْ كُنَّ نِسَآءً فَوْقَ

dados pérangan alit-alit, éwadéné cetha boten wonten semang-semangipun malih bilih tatanan punika cocog sanget kaliyan tatalesing pasadhèrèkanipun manusa sadaya, inggih punika pasadhèrèkan ingkang tansah dipun persudi wontenipun déning Islam.

545. Ing ngriki ingkang dipun karsakaken punika akrab tebih ingkang margi wonten sawenèhing sabab ngantos kaling-kalingan boten angsal panduman warisan (Rz).

546. *Wadon kabèh* ing ngriki ingkang dipun karsakaken anak èstri. Manawi anak èstri langkung saking kalih maris boten sasarengan kaliyan waris sanèsipun, angsal panduman kalih pratigan. Anak èstri kalih trep, pandumanipun sami kaliyan anak èstri langkung saking kalih, inggih punika kalih pratigan; ingkang sampun tumindak anak èstri kalih punika inggih dipun hukumi angsal kalih-

اثْنَتَيْنِ فَلَهُنَّ ثُلُثَا مَا تَرَكَ ۚ وَإِنْ كَانَتْ
وَاحِدَةً فَلَهَا النِّصْفُ ۚ وَلِأَبَوَيْهِ لِكُلِّ
وَاحِدٍ مِنْهُمَا السُّدُسُ مِمَّا تَرَكَ إِنْ
كَانَ لَهُ وَلَدٌ ۚ فَإِنْ لَمْ يَكُنْ لَهُ وَلَدٌ وَّ
وَرِثَهُ أَبَوَاهُ فَلِأُمِّهِ الثُّلُثُ ۚ فَإِنْ كَانَ
لَهُ إِخْوَةٌ فَلِأُمِّهِ السُّدُسُ مِنْ بَعْدِ
وَصِيَّةٍ يُوصِي بِهَا أَوْ دَيْنٍ ۗ آبَاؤُكُمْ
وَأَبْنَاؤُكُمْ لَا تَدْرُونَ أَيُّهُمْ أَقْرَبُ لَكُمْ
نَفْعًا ۚ فَرِيضَةً مِنَ اللَّهِ ۗ إِنَّ اللَّهَ كَانَ
عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿١١﴾

iku olèh panduman rong prateloné barang tinggalan, déné manawa mung siji pandumané separo; déné tumrap wong tuwané, siji-sijiné sapranemé, barang tinggalan, samono iku manawa *atinggal* anak, déné manawa ora *atinggal* anak, lan sing maris mung wong tuwané loro, lah ibuné sapratelon; nanging manawa duwé sadulur, lah ibuné oleh sapranem *saturahé* kanggo ambayar welingan kang di welingaké utawa utang;[547] bapak-bapakira lan anak-anakira, sira ora weruh, sing endi sing luwih cedhak marang sira mungguhing paédahé; iki dhawuh pranatan saka ing Allah: sayekti Allah iku Angudanèni, Wicaksana.

Ar. *sawisé*
Ar. *sawisé*

وَلَكُمْ نِصْفُ مَا تَرَكَ أَزْوَاجُكُمْ إِنْ
لَمْ يَكُنْ لَهُنَّ وَلَدٌ ۚ فَإِنْ كَانَ لَهُنَّ
وَلَدٌ فَلَكُمُ الرُّبُعُ مِمَّا تَرَكْنَ مِنْ بَعْدِ
وَصِيَّةٍ يُوصِينَ بِهَا أَوْ دَيْنٍ ۚ وَلَهُنَّ
الرُّبُعُ مِمَّا تَرَكْتُمْ إِنْ لَمْ يَكُنْ لَكُمْ
وَلَدٌ ۚ فَإِنْ كَانَ لَكُمْ وَلَدٌ فَلَهُنَّ الثُّمُنُ
مِمَّا تَرَكْتُمْ مِنْ بَعْدِ وَصِيَّةٍ تُوصُونَ

12 Lan sira olèh panduman saparoné tinggalané rabinira, manawa dhèwèké ora *atinggal* anak, ananging manawa *atinggal* anak lah sira bakal olèh panduman saprapaté tinggalan *saturahé* (kanggo ambayar) welingan kang diwelingaké utawa utang; lan *dhèwèké* bakal olèh panduman saprapaté tinggalanira manawa sira ora *atinggal* anak; déné manawa sira *atinggal* anak, pandumané sprawoloné tinggalanira *saturahé* (kanggo ambayar) welingan kang

Ar. *duwé*
Ar. *duwé*
Ar. *sawisé*
Ut. *para rabinira*
Ar. *duwé*
Ar. *duwé*
Ar. *sawisé*

pratiganipun barang warisan. Salajengipun bab punika saya langkung cetha malih manawi dipun pirid kaliyan pamarisipun sadhèrèk èstri kalih ingkang boten sasarengan kaliyan waris sanèsipun, ingkang inggih angsal panduman kalih-pratiganipun barang tilaran (mirsanana ayat 177). Déné tumrap prakawis sanès-sanèsipun, inggih punika manawi sasarengan maris kaliyan waris sanèsipun, punika ugi kapranata wonten ing ayat punika tuwin ing ayat candhakipun.

547. Punika prakawis ingkang angka kalih. Ingkang dipun rembag manawi mayit tilar tiyang sepuh kalih. Ing dalem prakawis punika tiyang sepuh mendhet rumiyin pandumanipun piyambak-piyambak, déné tirahanipun dhumawah dhateng anak, manawi wonten; manawi boten wonten, pandumanipun tiyang sepuh wewah malih. Nanging manawi mayit wau gadhah wilanganing sadhèrèk, biyung angsal panduman saminipun manawi pun mayit tilar anak.

Kedah dipun pèngeti bilih ing sadaya prakawis, wasiyat lan utang punika kedah dipun lunasi rumiyin ing sadèrèngipun barang tilaran kabagé dhateng para waris.

بِهَآ أَوْ دَيْنٍ ۗ وَإِن كَانَ رَجُلٌ يُورَثُ كَلَٰلَةً أَوِ امْرَأَةٌ وَلَهُۥٓ أَخٌ أَوْ أُخْتٌ فَلِكُلِّ وَاحِدٍ مِّنْهُمَا السُّدُسُ ۚ فَإِن كَانُوٓا أَكْثَرَ مِن ذَٰلِكَ فَهُمْ شُرَكَآءُ فِى الثُّلُثِ مِنۢ بَعْدِ وَصِيَّةٍ يُوصَىٰ بِهَآ أَوْ دَيْنٍ غَيْرَ مُضَآرٍّ ۚ وَصِيَّةً مِّنَ اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَلِيمٌ ﴿١٢﴾

diwelingaké utawa utang;[548] manawa ana wong lanang utawa wadon, ora atinggal wong tuwa lan ora atinggal anak, atinggal warisan, lan dhèwèké atinggal sadulur lanang utawa wadon[549] lah sakaroné iku siji-sijiné olèh panduman sapranem, ananging manawa luwih saka samono, lah iki bakal sing padha angedum sapratelonė *turahané* (kanggo ambayar) welingan kang diwelingaké utawa utang, kang *ora mitunani* (ing liyan);[550] iki dhawuh pranatan saka Allah, lan Allah iku Angudanéni, Momot.

Ar. *sawisé*

Ar. *pituna*

548. Punika prakawis ingkang angka tiga, ingkang dipun rembag manawi mayit tilar waris sémah jaler utawi sémah èstri gadhah anak utawi boten gadhah anak. Sémah jaler utawi sémah èstri mendhet pandumanipun rumiyin, dados sami kaliyan caranipun pamarising tiyang sepuh kalih. Sapinten tirahipun dhumawah dhateng anak.

Manawi warisipun punika: tiyang sepuh kalih, sémah jaler utawi sémah èstri, tuwin anak, punika tiyang sepuh kalih lan sémah mendhet rumiyin pandumanipun piyambak-piyambak, lajeng tirahanipun dados pandumanipun anak, sami ugi punapa anak wau jaler thok, èstri thok punapa campur jaler lan èstri. Anak èstri kalih utawi langkung angsal panduman kalih-pratigan, punika namung manawi boten wonten waris tiyang sepuh kalih lan sémah; déné manawi wonten waris tiyang sepuh kalih lan sémah, anak èstri kalih utawi langkung wau angsal panduman ngukup sapinten tirahaning barang tilaran, sasampunipun kapendhet pandumanipun waris tiyang sepuh kalih lan sémah wau, dados déné patraping pamarisipun anak jaler utawi anak jaler sasarengan lan anak èstri. Kula mangertos bilih ingkang kalimrah tumindak boten kados makaten punika. Wondéné caranipun mawi lampah ingkang winastan ‘*aul*. Miturut hadits, ‘*aul* wau wiwitipun dipun tindakaken, déning Bagéndha ‘Ali, Khalifah ingkang kaping sekawan. Panjenenganipun dipun suwuni pirsa kados pundi pandumanipun sémah èstri manawi sasarengan maris kaliyan tiyang sepuh kalih tuwin anak èstri kalih. “Tanpa mawi kagalih langkung rumiyin,” panjenenganipun maringi wangsulan, bilih pandu-manipun sémah èstri saprawolon punika dipun dadosaken saprasangan. Mila makaten jalaran waris bapa lan biyung mendhet rumiyin pandumanipun sapratigan, anak èstri kalih: kalih pratigan, sémah èstri: saprawolon, punika manawi dipun gunggung lajeng mungel sangang prawolon. Awit saking punika Bagéndha ‘Ali maringi pancasan supados satunggal-tunggaling waris wau dipun kirangi pandumanipun, supados tatandhinganipun lastantun sami (TA). Pakèwed makaten wau mesthi boten badhé pinanggih manawi waris anak èstri kalih wau santun dados anak jaler utawi inggih anak jaler sasarengan kaliyan anak èstri. Saupami Bagéndha ‘Ali karsa maringi pancasan bilih sapinten tirahanipun barang tilaran dados pandumanipun anak èstri kakalih wau, inggih punika sasampunipun kapendhet pandumanipun sémah èstri saprawolon tuwin bapa lan biyung sapratigan, dados kados déné caranipun maris waris jaler kakalih utawi anak jaler satunggal lan anak èstri satuggal; manawi makaten mesthi lajeng boten wonten masalah, ‘*aul* barang. Nanging para ahli hukum ingkang kantun-kantun sami nganggé pamanggihipun Bagéndha ‘Ali wau.

549. *Sadulur lanang utawi sadulur wadon* ing ngriki ingkang dipun karsakaken: *sadhèrèk jaler* utawi *sadhèrèk èstri nunggil biyung* (Bd). Prakawis ingkang kados makaten punika ugi karembag wonten ing ayat ingkang wekasan ing surat punika, inggih punika prakawis mayit ingkang boten tilar waris tiyang sepuh lan anak, nanging tilar waris sadhèrèk jaler utawi sadhèrèk èstri utawi warni kalih pisan. Déné ing ngriku ingkang dipun karsakaken sadhèrèk jaler lan sadhèrèk èstri ingkang tunggil bapa biyung, utawi sadhèrèk jaler lan sadhèrèk èstri tunggil bapa blaka.

550. Prakawis kalih warni punika sadaya bab warisanipun mayit *kalalah,* inggih punika *tiyang*

Ut. *angger-anggering*

Ar. *ngisoré*

13 Iki *wates-watesing* Allah; lan sapa sing manut ing Allah lan utusan-É bakal linebokaké ing patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ana ing kono; lan iki pakolèh kang gedhé.

تِلْكَ حُدُودُ اللّٰهِ ۚ وَمَنْ يُّطِعِ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ
يُدْخِلْهُ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ
خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ۚ وَذٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ﴿١٣﴾

14 Lan sapa sing andaga marang Allah lan utusan-É, bakal linebokaké ing geni, supaya manggon ing kono, sarta bakal olèh siksa kang ngasoraké.

وَمَنْ يَّعْصِ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ وَيَتَعَدَّ
حُدُوْدَهٗ يُدْخِلْهُ نَارًا خَالِدًا فِيْهَا ۖ
وَلَهٗ عَذَابٌ مُّهِيْنٌ ﴿١٤﴾

RUKU' 3

Garapipun dhateng èstri

15, 16. Pidananipun para èstri tuwin jaler ingkang sami kalepatan atindak sèdhèng. 17, 18. Piduwung. 19—22. Èstri punika kedah karengkuh ingkang saé, boten kados barang.

15 Lan para wongira wadon (yèn ana) kang atindak nistha, lah ingatasé iki anjaluka saksi papat saka antaranira; lah manawa wis padha aneksèni, wadon iku tahanen ana ing omah nganti pinulung ing pati utawa Allah amengani dalan dhèwèké.[551]

وَالّٰتِيْ يَاْتِيْنَ الْفَاحِشَةَ مِنْ نِّسَآئِكُمْ
فَاسْتَشْهِدُوْا عَلَيْهِنَّ اَرْبَعَةً مِّنْكُمْ ۚ فَاِنْ
شَهِدُوْا فَاَمْسِكُوْهُنَّ فِي الْبُيُوْتِ حَتّٰى
يَتَوَفّٰىهُنَّ الْمَوْتُ اَوْ يَجْعَلَ اللّٰهُ
لَهُنَّ سَبِيْلًا ﴿١٥﴾

---

ingkang tilar donya boten tilar waris tiyang sepuh lan anak. Ing dalem prakawis punika sadhèrèk jaler lan sadhèrèk èstri punika anggentosi lenggahipun anak. Kados déné limrahipun tiyang ingkang boten tilar anak, ingkang cepak piyambakipun lajeng damel pituna dhateng barang darbèkipun sarana nyambut ingkang leresipun boten dipun betahaken, malah ngantos ngakeni nyambut ing mangka boten aprajanji nyambut saèstu, makaten ugi damel wasiyat ingkang ngantos nelasaken barang darbèkipun ngantos waris ingkang sah boten angsal panduman. Lah dhawuh ingkang mungel: *kang ora mitunani ing liyan,* punika minangka kanggé anggenahaken bilih sasambutan tuwin wasiyat ing dalem prakawis ingkang kados makaten punika kedah boten mitunani wewenangipun waris ingkang sah.

551. *Al-fâhisyah* punika ateges samukawis ingkang langkah saking ingkang nama pantes (resah, murang tata, lekoh, saru) (Mgh-LL); déné *fâhisyah* utawi *langkah saking pantes* tumrapipun tiyang èstri punika saged mengku teges: *kekésahan ingkang kalayan tanpa idin* (Msb, Mgh, LL) utawi *ngungelaken tetembungan ingkang saru* (Asysyafa'i-LL). Nadyan inggih nyata bilih nyata kala-kala tembung wau ugi dipun anggé kalayan mengku teges zina, nanging suraosing dhawuh nginggilipun tuwin ngandhapipun nedahaken bilih ing ngriki tembung wau mengku teges sadhéngah pandamel murang kasusilan ing sangandhapipun pandamel zina, jalaran tumrap zina pidananaipun katerangaken wonten ing panggènan sanès. Dhawuhing ayat candhakipun, ingkang ugi mangandikakaken pandamel murang kasusilan bangsanipun ingkang kasebut ing ayat punika, punika ugi ngiyataken panyuraos punika. Déné ing ayat candhakipun wau anggènipun mangandikakaken pidananipun boten gumathok, punika inggih sampun saleresipun kémawon, jalaran tumrapipun pandamel sangandhapipun pandamel zina mesthi kémawon pidananipun boten saged kadamel gumathok, wangsul mawi sésa-sésa manut punapa

Ar. *mangkono iku*

16 Lan wong loro saka antaranira kang atindak *nistha*, lah sakaroné pidananen sawatara; lah manawa padha piduwung sarta padha ambecikaké kalakuané, sakaroné iya banjur togna baé; sayekti Allah iku Tansah abola-bali (wilasa-Né), Ingkang-Mahaasih.[552]

وَالَّذٰنِ يَأْتِيٰنِهَا مِنْكُمْ فَاٰذُوْهُمَا ۚ
فَاِنْ تَابَا وَاَصْلَحَا فَاَعْرِضُوْا عَنْهُمَا ۗ
اِنَّ اللّٰهَ كَانَ تَوَّابًا رَّحِيْمًا ﴿١٦﴾

Ut. *pitobat*

Ut. *mratobat*

17 *Piduwung* iku ingatasé Allah mung tumrap para kang padha atindak ala saking ora weruh(-é), tumuli énggal-énggal padha *bali*; lah ya marang wong-wong iki anggoné Allah bali (wilasa-Né), lan Allah iku tan pegat Anguningani, Wicaksana.

اِنَّمَا التَّوْبَةُ عَلَى اللّٰهِ لِلَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ
السُّوْٓءَ بِجَهَالَةٍ ثُمَّ يَتُوْبُوْنَ مِنْ قَرِيْبٍ
فَاُولٰٓئِكَ يَتُوْبُ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ ۗ وَكَانَ
اللّٰهُ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ﴿١٧﴾

Ut. *pitobat*

Ut. *tobat*

18 Lan *piduwung* iku ora tumrap para kang manggung anglakoni panggawé ala, nganti samangsané pati anekani dhèwèké salah siji, acalathu: sayekti saiki aku *piduwung*; lan iya ora (tumrap) para kang padha mati, kang mangka dhèwèké iku padha wong kafir; iki kang padha Ingsun sadhiyani siksa kang nglarani.[553]

وَلَيْسَتِ التَّوْبَةُ لِلَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ السَّيِّاٰتِ ۚ
حَتّٰٓى اِذَا حَضَرَ اَحَدَهُمُ الْمَوْتُ قَالَ
اِنِّيْ تُبْتُ الْـٰٔنَ وَلَا الَّذِيْنَ يَمُوْتُوْنَ
وَهُمْ كُفَّارٌ ۗ اُولٰٓئِكَ اَعْتَدْنَا لَهُمْ
عَذَابًا اَلِيْمًا ﴿١٨﴾

---

kawontenaning dosanipun. Tumrap tiyang èstri, pidananipun dipun kirangi kamardikanipun, supados piyambakipun boten mardika késah ing sawanci-wanci saking griyanipun. Manawi piyambakipun punika lajeng purun nyaèkaken kalakuanipun, Allah badhé maringi margi piyambakipun, inggih punika piyambakipun badhé angsal wangsuling kamardikanipun. Nanging manawi piyambakipun boten purun kapok, wawangening ngirangi kamardikanipun dipun ulur ngantos dumugi sapejahipun. Katranganipun tuwan Palmer bilih "nalika jaman Islam wiwitan, tiyang èstri ingkang zina utawi alampah sèdhèng dipun gedhong saèstu" punika boten wonten pasakasènipun. Mirsanana ugi katerangan angka 556.

552. Dosa ingkang dipun pangandikakaken ing ayat punika, punika sami kaliyan ingkang sampun kapangandikakaken ing ayat ingkang sampun. Ingkang nindakaken lepat (dosa) tiyang kalih, sarta sanajan tembunging dhawuh *mudhakkar* (*manneliyk*), boten mengku teges bilih kakalihipun mesthi kedah jaler sadaya. Menggah ing sajatos-jatosipun dhawuh wau mengku teges jaler lan èstri, malah manawi kacundhukakaken kaliyan ayat ingkang sampun, cetha manawi ingkang dipun karsakaken punika jaler lan èstri. Pidananipun katerangaken ing tembung *âdhû,* ingkang jawinipun *panyenggring,* sarta miturut Qatadah tuwin sanès-sanèsipun saged mengku suraos *pidana ingkang ènthèng* utawi *cekap dipun cacad sarana tetembungan kémawon* (AH). Déné pidana ingkang tumrap dhateng tiyang èstri sampun kasebutaken ing ayat ingkang sampun, punika boten nandhakaken manawi ayat punika boten tumuju dhateng tiyang èstri ugi. Ingkang kawarsitakaken wonten ing ayat ingkang sampun, punika manawi tiyang èstri piyambakan ingkang lepat: déné ingkang kawarsitakaken ing ngriki punika manawi jaler lan èstri sami lepatipun.

553. Tobat ingkang kasebutaken ing ngriki punika sasambetan kaliyan *fâhisyah* ingkang sampun

Ut. *angarah warisané*

Ut. *ngèwèr*

19 É, para kang padha angèstu! Ora kena tumrapé sira yèn *amarisa* para wadon kalawan peksan;[554] lan aja sira *mracéka* dhèwèké amrih sira bisa angalap sapérangané apa kang wus sira wènèhaké marang dhèwèké,[555] kajaba manawa dhèwèké atindak nistha[556] kang kabuktèn terang, sarta padha sira tandukana kalawan becik; déné manawa sira ora dhemen marang dhèwèké,

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا يَحِلُّ لَكُمْ أَن
تَرِثُوا۟ ٱلنِّسَآءَ كَرْهًا ۖ وَلَا تَعْضُلُوهُنَّ
لِتَذْهَبُوا۟ بِبَعْضِ مَآ ءَاتَيْتُمُوهُنَّ إِلَّآ أَن
يَأْتِينَ بِفَٰحِشَةٍ مُّبَيِّنَةٍ ۚ وَعَاشِرُوهُنَّ
بِٱلْمَعْرُوفِ ۚ فَإِن كَرِهْتُمُوهُنَّ فَعَسَىٰٓ أَن

---

kapangandikakaken wonten ing ayat 15 lan ayat 16. Ingkang makaten punika kénging kanggé ambuktèkaken bilih *fâhisyah* ing ngriki boten ateges zina, nanging pandamel murang kasusilan sangandhapipun zina, jalaran tumrap dosa zina sampun wonten piyambak pidananipun, sarta pitobatipun tiyang ingkang dosa zina boten saged ngluwaraken piyambakipun saking pidananipun zina.

Ayat 17 lan ayat 18 punika anedahaken bilih miturut Quran Suci tobat punika boten cekap namung ngucapaken sawenèh tetembungan kémawon, nanging ngéwahi gesangipun ingkang kalayan saèstu, punika ingkang nama tobat. Menggah ing sajatos-jatosipun, angger-angger ingkang kasebutaken wonten ing ngriki, punika anedahaken kados pundi anggènipun tobat saged nyirnakaken dosa. Manawi satunggaling tiyang purun ambangun gesangipun, liripun purun kapok, purun mantuni anggènipun nindakaken sawenèhing pandamel dosa, tumiyungipun dhateng dosa wau inggih lajeng sirna. Nanging manawi tiyang punika ngantos dumugining wekdal kukutipun kalajeng-lajeng anggènipun remen nindakaken awon, piyambakipun mesthi inggih boten saged ngalap pigunanipun tobat, jalaran tumrap piyambakipun sampun boten wonten malih wekdalipun ingkang kanggé nyaékaken gesangipun.

554. Ingkang sampun kacara wonten ing kalanganipun bangsa Arab sadèrèngipun jaman Islam, manawi tiyang punika pejah, anakipun jaler ingkang sepuh piyambak utawi warisipun sanèsipun wenang andarbéni randha utawi randha-randhanipun ingkang pejah wau, salajengipun manawi purun inggih dipun sémah piyambak boten mawi dipun sukani maskawin, manawi boten inggih dipun émahémahaken kémawon kaliyan tiyang sanès. Utawi para randha wau dipun awisi babar pisan boten kénging émah-émah (Bkh, Rs). Wawaton ingkang kiyat-kiyat sami sarujuk amastani bilih ayat punika wigatos kanggé ambrantas piawon wau. Nanging sawenèh mufassir wonten ingkang nganggé teges satunggalipun ingkang kasebut ing margin, ingkang manawi miturut teges wau, mengku suraos ngawisi boten kénging tiyang punika nyegah para randha émah-émah malih kanthi mengku pamrih murih piyambakipun angsal warisan bandhanipun para randha wau (Rz), jalaran manawi ngantos émah-émah malih, sémahipun énggal wau manjing dados warisipun.

555. Dhawuh punika ambrantas piawon sanèsipun malih. Tiyang jaler ingkang boten remen dhateng sémahipun, punika adatipun sok lajeng makèwedi sémahipun wau, pamrihipun supados sémahipun wau lajeng kepeksa nedha pegat, lah manawi makaten piyambakipun kepeksa kedah mangsulaken maskawinipun dhateng tiyang jaler (Rz). Ingkang makaten punika dipun awisi. Milanipun manawi juru-kukum ngonangi bilih sajatosipun ingkang lepat punika ingkang jaler, kedahipun jurukukum boten mancasi wangsuling maskawin dhateng ingkang jaler.

556. Ingkang dipun kajawèkaken punika *anggènipun ngalap sapéranganing maskawin.* Liripun kéngingipun sapéranganing maskawin katedha wangsul, punika manawi ingkang èstri kalepatan atindak nistha. Paham ingkang langkung dipun ajengi ing ngakathah mastani, bilih فَٰحِشَةٍ مُّبَيِّنَةٍ utawi *tindak nistha kang kabuktèn terang* ing ngriki punika: *anggething tuwin nilar sémahipun, andaga, tuwin ambencanani sémahipun lan gotrahipun* (Rz). Ing dalem prakawis punika, rèhning ingkang lepat punika ingkang èstri, piyambakipun kénging kapurih mangsulaken maskawin, sadaya utawi sapérangan. Tegesipun *fâhisyah* punika, tur ingkang mawi mangsulaken mawi dipun kiyataken malih sarana tembung sifat *mubayyinah* (terang), punika ngiyataken teges ingkang kanggé negesi tembung *fâhisyah* ingkang wonten ing ayat 15.

lah mbok manawa-manawa sira iku gething marang sawijining barang, kang mangka Allah anitahaké kabecikan sapirang-pirang ana ing kono.

تَكْرَهُوْا شَيْـًٔا وَّيَجْعَلَ اللّٰهُ فِيْهِ خَيْرًا كَثِيْرًا ﴿١٩﴾

20 Lan manawa sira arep salin bojo minangka gegentiné bojo (liyané), kang mangka kang sawiji wus sira wènèhi emas satumpuk, lah aja sira angelongi sathithik-thithika; apa ta sira arep ngalap iki kalawan pangapus-krama tuwin tindak dosa kang wis tétéla.[557]

وَاِنْ اَرَدْتُّمُ اسْتِبْدَالَ زَوْجٍ مَّكَانَ
زَوْجٍ ۙ وَّاٰتَيْتُمْ اِحْدٰىهُنَّ قِنْطَارًا فَلَا
تَاْخُذُوْا مِنْهُ شَيْـًٔا ؕ اَتَاْخُذُوْنَهٗ بُهْتَانًا
وَّاِثْمًا مُّبِيْنًا ﴿٢٠﴾

21 Lan kapriyé bisanira angalap iki, kang mangka *sira* wis apulang lulut *kalawan dhèwèké* sarta dhèwèké wis angalap saka ing sira sasanggeman kang kukuh?

Ar. *satengahira*
Ar *marang satengahira*

وَكَيْفَ تَاْخُذُوْنَهٗ وَقَدْ اَفْضٰى بَعْضُكُمْ اِلٰى
بَعْضٍ وَّاَخَذْنَ مِنْكُمْ مِّيْثَاقًا غَلِيْظًا ﴿٢١﴾

22 Lan sira aja padha nikah wong-wong wadon kang wis dinikah bapak-bapakira, kajaba kang wis kebanjur biyèn; sayekti iki nistha lan anggigoni tuwin dadalan kang ala.[558]

وَلَا تَنْكِحُوْا مَا نَكَحَ اٰبَاۤؤُكُمْ مِّنَ النِّسَاۤءِ اِلَّا
مَا قَدْ سَلَفَ ؕ اِنَّهٗ كَانَ فَاحِشَةً
وَّمَقْتًا ؕ وَسَاۤءَ سَبِيْلًا ﴿٢٢﴾

RUKU' 4

Èstri ingkang kénging dipun sémah

23. Akrab sarta sasambetan pasuson ingkang boten kénging dipun sémah. 24. Èstri mardika sanèsipun. 25. Kéngingipun prawan kawula dipun sémah.

557. Piawon sanèsipun malih ingkang kacara nalika jaman jahiliyah dipun terangaken déning Rz makaten: "Kacariyosaken manawi tiyang jaler kepéngin badhé sémah malih lan ambucal sémahipun lami, adatipun piyambakipun lajeng andalih sémahipun wau alampah sèdhèng utawi pandamel murang kasusilan sanèsipun ingkang sabangsa punika, perlunipun ingkang èstri lajeng kepeksa nedha pegat tur kalayan ambayar arta pangiwal ingkang kathah." Piawon wau kabrasta kalayan ayat punika. Rèhning ayat ingkang sampun-sampun nerangaken prakawis èstri ingkang nedha pegat margi boten remen kaliyan ingkang jaler, mila ayat punika lajeng nerangaken tiyang jaler ingkang boten remen dhateng tiyang èstri lan sumedya megat piyambakipun. *Salin bojo minangka gegentiné bojo liyané*, punika tegesipun *megat sémahipun lami lajeng nyémahi tiyang èstri sanès.*

558. Kados déné ingkang sampun katerangaken ing ngajeng, manawi tiyang jaler tilar donya, para randhanipun mayit wau dados barang darbèkipun anakipun jaler ingkang sepuh piyambak, sarta piyambakipun punika kénging nyémah para randhaning bapakipun wau pundi ingkang dipun senengi. Ayat punika nyirnakaken tata-cara murang kasusilan wau.

23 Dilarangi ingatasé sira para biyungira lan para anakira wadon lan para sadulurira wadon lan para bibinira saka ing bapa sarta bibinira saka ing biyung, lan para anak wadoné sadulur lanang lan anak wadoné sadulur wadon lan para biyungira pasuson lan para sadulurira wadon nunggal pasuson lan para biyungé rabinira, lan para anakira kuwalon kang dadi papangkonira kang lahir saka rabinira kang wus becik karo sira – ananging manawa ora becik karo sira, ya ora ala ingatasé sira (anikah dhèwèké) – lan para rabiné anakira lanang kang saka ing lambungira dhéwé, lan (iya dilarangi) yèn sira ambarengaké wadon loro padha sadulur, kajaba apa kang wis kebanjur kalakon biyèn; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[559]

حُرِّمَتْ عَلَيْكُمْ أُمَّهٰتُكُمْ وَبَنٰتُكُمْ وَأَخَوٰتُكُمْ
وَعَمّٰتُكُمْ وَخٰلٰتُكُمْ وَبَنٰتُ الْأَخِ وَبَنٰتُ
الْأُخْتِ وَأُمَّهٰتُكُمُ الّٰتِيْٓ أَرْضَعْنَكُمْ وَأَخَوٰتُكُمْ
مِّنَ الرَّضَاعَةِ وَأُمَّهٰتُ نِسَآئِكُمْ وَرَبَآئِبُكُمُ
الّٰتِيْ فِيْ حُجُوْرِكُمْ مِّنْ نِّسَآئِكُمُ الّٰتِيْ
دَخَلْتُمْ بِهِنَّ فَإِنْ لَّمْ تَكُوْنُوْا دَخَلْتُمْ
بِهِنَّ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ وَحَلَآئِلُ
أَبْنَآئِكُمُ الَّذِيْنَ مِنْ أَصْلَابِكُمْ وَأَنْ
تَجْمَعُوْا بَيْنَ الْأُخْتَيْنِ إِلَّا مَا قَدْ سَلَفَ
إِنَّ اللّٰهَ كَانَ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿٢٣﴾

JUZ V

Ut. *mardika*

24 Lan sakèhing wadon *somahan*, kajaba para kang kadarbé ing tanganira tengen;[560] (iki) anggeranggering Allah ingatasé sira; lan dikenakaké tumraping sira (sakè-

وَالْمُحْصَنٰتُ مِنَ النِّسَآءِ إِلَّا مَا مَلَكَتْ
أَيْمَانُكُمْ كِتٰبَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ وَأُحِلَّ لَكُمْ

559. Tiyang ingkang boten kénging kasémah miturut saréngat Musa, kula aturi mirsani Kaimanan 18: 6-18.

560. *Al-Muhshanât* punika gadhah teges warni kalih, inggih punika *tiyang èstri mardika* lan *tiyang èstri sémahan.* Rèhning ing ayat ingkang sampun punika ingkang karembag bab prakawis èstri ingkang boten kénging kapendhet sémah, mila limrahipun ingkang dipun anggé tumrap ing ngriki punika teges ingkang angka kalih wau, sanajan miturut Bagéndha ‘Umar, langkung leres manawi dipun tegesi *tiyang èstri mardika* (Rz). Miturut teges ingkang limrah dipun anggé wau, dhawuh wau lajeng mengku teges makaten: boten prabéda kaliyan anggènipun kaawisan tiyang jaler boten kénging mendhet sémah tiyang èstri ingkang kalebet sanakipun celak (kados déné ingkang sampun kapacak ing angger-angger), lah makaten ugi tiyang èstri ingkang sampun kasémah ing jaler sanès, punika ugi boten kénging kapendhet sémah. Nanging wonten ugi ingkang dipun kajawèkaken, inggih punika *para kang kadarbé ing tanganira tengen*, ingkang ing Quran Suci limrahipun mengku teges *tiyang ingkang katawan wonten ing paprangan.*

Miturut pranatan Islam, tiyang ingkang katawan wonten ing paprangan punika limrahipun lajeng dipun mardikakaken, sami ugi punapa mawi tebusan punapa muhung karana nindakaken pandamel

hing wong wadon) saliyané iku, samono iku manawa sira padha mamrih sosomahan, kalawan bandhanira, ora tumindak sèdhèng. Déné wong wadon kang padha sira alap paédah (sarana korabi) lah padha wènèhna maskawiné kang wis katetepaké; lan ora ala ingatasé sira tumrap prakara kang sira sakaloron padha sarujuk, ing sapungkuring katetepané (maskawin); sayekti Allah iku Angudanèni, Wicaksana.

مَّا وَرَآءَ ذٰلِكُمْ أَنْ تَبْتَغُوْا بِأَمْوَالِكُمْ مُّحْصِنِيْنَ غَيْرَ مُسٰفِحِيْنَ ۚ فَمَا اسْتَمْتَعْتُمْ بِهٖ مِنْهُنَّ فَاٰتُوْهُنَّ أُجُوْرَهُنَّ فَرِيْضَةً ۚ وَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ فِيْمَا تَرٰضَيْتُمْ بِهٖ مِنْ بَعْدِ الْفَرِيْضَةِ ۚ إِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ﴿٢٤﴾

25 Lan sira, sapa sing ora kuwat anyukupi saranané anikah

وَمَنْ لَّمْ يَسْتَطِعْ مِنْكُمْ طَوْلًا أَنْ يَّنْكِحَ

saé, kados déné ingkang kalayan terang kadhawuhaken wonten ing 47: 4: "Mulané, samangsa sira padha katemu para kang padha kafir ana ing paperangan, banjur sabeten guluné, nganti samangsané wis padha sira kalahaké, padha dadèkna tawanan, tumuli sawisé iku, apa sira luwari kalawan kadarman apa kalawan tebusan."

Nanging tarkadhang inggih sok kelampahan tiyang ingkang katawan wonten ing paprangan wau ngrasuk Islam, ingkang awit saking punika piyambakipun lajeng boten saged yèn ta dipun wangsulna dhateng golonganipun. Tiyang èstri ingkang kados makaten punika kénging dipun sémah, nadyan piyambakipun punika saged ugi dèrèng dipun pegat déning sémahipun lami. Déné mawi ginantungan janji kedah sampun ngrasuk Islam, punika sampun terang, manawi katitik saking wontening paprangan ingkang kados makaten punika namung kaliyan tiyang musyrik, mangka para Muslimin dipun awisi boten kénging nyémah tiyang èstri musyrik. Bab punika kula aturi mirsani ing 2: 221. Déné kados pundi janji-janjinipun èstri kados makaten wau kénging kasémah, punika mirsanana kémawon ayat sambetipun.

Tembung *mâ malakat aimânukum*, punika ugi saged gadhah tembung sanès. *Aimân* punika *jama'*-ipun tembung *yamîn* ingkang mengku teges warni-warni, kadosta: *tangan tengen*, *lenggah* (pangkat) *ingkang prayogi*, *kakiyatan*, tuwin *prajanjian ingkang dipun kiyataken kaliyan sumpah.* Déné tembung *mâ malakat aimânukum* limrah dipun tegesi *tiyang ingkang katawan wonten ing paprangan*, punika jalaran para titiyang wau sami katawan déning *kakiyatan ingkang langkung ageng.* Nanging tembung wau dipun agem wonten ing hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, kanggé nembungaken *bandha ingkang angsalipun sarana margi ingkang kaidèn*, ingkang kedah dipun zakati. Makaten wau anggènipun merdèni LA dhawuh hadits Nabi ingkang misuwur, ingkang makaten ungelipun الصلاة وما ملكت ايمانكم Awit saking punika *mâ malakat aimânukum* punika ugi ateges: *para kang sira rabi kalayan absah*, jalaran barang darbé ingkang absah punika terang kawengku wonten ing tembung *aimân* ingkang ateges prajanjian, lah sésémahan punika ugi prajanjian. Awit saking punika dhawuh wau lajeng kénging dipun tegesi: *sarupaning wadon mardika iku dilarangi ingatasé sira*, *kajaba kang wus sira rabi kalayan absah* sarta manawi dipun tegesi kados makaten punika, suraosipun sampun terang. Manawi miturut teges punika, tigang ayat ing ruku' punika mangandikakaken tiyang èstri tigang golongan, inggih punika ayat 23 nerangaken akrab ingkang deles lan akrab ingkang saking pasuson, ayat 24 nerangaken tiyang èstri mardika umumipun, ayat 25 nerangaken tiyang èstri ingkang katawan wonten ing paprangan. Menggah ing sajatos-jatosipun, ayat 23 wau ngrembag pangkat-pangkating èstri ingkang boten kénging kasémah. Utawi, makaten suraosipun: *sarupané wong wadon somahan iku dilarangi ingatasé sira*, *kajaba kang wus sira rabi kalayan absah.*

wadon mardika kang angèstu, lah iya (anikaha) wong wadon kang kadarbé ing tanganira tengen panunggalané para baturira wadon kang padha angèstu; lah Allah iku luwih déning angudanèni marang imanira; sawenèhira (asalé) saka ing sawenèhé; mulané dhèwèké nikahen kalawan idiné kang andarbèni sarta padha wènèhana maskawiné kalawan becik, padha alaku sosomahan, dudu laku sèdhèng, lan ora atanggap sambang sarawungan dhedhelikan; déné manawa wus kalakon disomah, yèn banjur anglakoni sèdhèng, lah bakal tampa patrapan saparoning patrapané wong wadon mardika. Iki tumrap ing sira sapa kang wedi tumiba ing laku ala; déné-déné sira padha sabar, iku luwih becik tumrapé sira, lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[561]

الْمُحْصَنٰتِ الْمُؤْمِنٰتِ فَمِنْ مَّا مَلَكَتْ اَيْمَانُكُمْ
مِّنْ فَتَيٰتِكُمُ الْمُؤْمِنٰتِ ؕ وَاللّٰهُ اَعْلَمُ بِاِيْمَانِكُمْ ؕ
بَعْضُكُمْ مِّنْۢ بَعْضٍ ۚ فَانْكِحُوْهُنَّ بِاِذْنِ اَهْلِهِنَّ
وَاٰتُوْهُنَّ اُجُوْرَهُنَّ بِالْمَعْرُوْفِ مُحْصَنٰتٍ
غَيْرَ مُسٰفِحٰتٍ وَّلَا مُتَّخِذٰتِ اَخْدَانٍ ۚ
فَاِذَآ اُحْصِنَّ فَاِنْ اَتَيْنَ بِفَاحِشَةٍ فَعَلَيْهِنَّ
نِصْفُ مَا عَلَى الْمُحْصَنٰتِ مِنَ الْعَذَابِ ؕ ذٰلِكَ
لِمَنْ خَشِيَ الْعَنَتَ مِنْكُمْ ؕ وَاَنْ تَصْبِرُوْا
خَيْرٌ لَّكُمْ ؕ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٢٥﴾

561. Ayat punika nerangaken janji-janji kéngingipun tiyang tawanan perang kasémah. Kula boten naté nrenjuhi dhawuh Quran Suci saayat kémawon ingkang ngidini mengku èstri sawarni *anggundhik* punika. Marambah-rambah saben Quran Suci mangandikakaken sasambetanipun tiyang jaler lan èstri kawula tumbasan, punika ingkang dipun karsakaken mesthi sarana dipun pendhet sémah kalayan absah, kadosta ing dhawuhing ayat 3, ayat 24, tuwin ing ayat punika. Lah ing ngriki sésémahan kaliyan tiyang èstri ingkang katawan wonten ing paprangan punika dipun kéngingaken kanthi ginantungan ing janji-janji, janji ingkang sapisan, èstri wau kedah mukmin utawi sampun manjing Islam. Punika kémawon taksih mawi ginantungan janji malih, kéngingipun nyémah laré èstri kawula punika manawi piyambakipun boten kuwaos nyémah tiyang èstri mardika, mangka piyambakipun kuwatos bokbilih dhumawah ing awon. Dados, manawi kéngingipun nyémah èstri ingkang kados makaten wau taksih mawi ginantungan ing janji-janji ingkang "luar biasa," saèstu boten pinanggih ing nalar sanget, manawi dipun kinten bilih bendaranipun dipun kéngingaken kempal kaliyan piyambakipun kalayan tanpa nikah. Pancèn nyata, kawula èstri punika wonten ing kalanganing babrayan Arab kaanggep langkung asor katimbang kaliyan èstri ingkang mardika, nanging inggih namung kandheg samanten kémawon. Ambokmanawi kémawon anggènipun pranatan ingkang gagayutan kaliyan bab prakawis nyémah kawula èstri kadamel kenceng, punika kaliyan mengku karsa supados tiyang ingkang badhé nyémah wau mardikakaken rumiyin èstri wau saking pangawulan.

Ayat punika ngarsakaken kedah wonten idining bandaranipun, punika saged dipun suraos sanès bandaranipun kawula èstri wau. Pamanggih kula kirang mungguh manawi suraosing ayat punika kawatesan: wiwitaning dhawuh wau sampun anedahaken kalayan terang bilih dhawuh punika tumuju tumrap sadhéngah tiyang. Bandaranipun kawula èstri ngemungaken gadhah wewenang satunggal, inggih punika piyambakipun boten sisah nedha idinipuun sinten-sinten manawi badhé nyémah kawulanipun, lan ugi bokmanawi kémawon piyambakipun boten sisah ambayar maskawin, nanging meksa inggih kedah mawi nikah. Piyambakipun boten kénging pisan-pisan kempal kaliyan kawula-

RUKU' 5

Èstri gadhah wewenang nanjakaken rajadarbènipun

26-31. Angajèni wewenang rajadarbé sarta nyawa. 32. Èstri punika gadhah wewenang dhateng pakantuking pandamelipun, sami kaliyan tiyang jaler. 33. Wewenang ingkang sabangsa punika dumunung ing prakawis warisan.

26 Allah karsa anerangaké marang sira sarta anuntun sira ing dadalané para ing sadurungira sarta Panjenenganè bali (wilasa-Né) marang sira, lan Allah iku Anguningani, Wicaksana.

يُرِيدُ اللَّهُ لِيُبَيِّنَ لَكُمْ وَيَهْدِيَكُمْ سُنَنَ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ وَيَتُوبَ عَلَيْكُمْ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿٢٦﴾

27 Lan Allah karsa bali (wilasa-Né) marang sira. Lan para kang padha tut-buri pépénginan(-é) karepé supaya sira padha nyalèwènga (kalawan) panyalèwèng kang *adoh*.

Ar. *gedhé*

وَاللَّهُ يُرِيدُ أَنْ يَتُوبَ عَلَيْكُمْ وَيُرِيدُ الَّذِينَ يَتَّبِعُونَ الشَّهَوَاتِ أَنْ تَمِيلُوا مَيْلًا عَظِيمًا ﴿٢٧﴾

28 Allah karsa angènthèngaké *sasangganira*[562] lan manusa iku katitahaké apes.[563]

Ar. *siro*

يُرِيدُ اللَّهُ أَنْ يُخَفِّفَ عَنْكُمْ ۚ وَخُلِقَ الْإِنْسَانُ ضَعِيفًا ﴿٢٨﴾

nipun wau kalayan tanpa nikah. Tanpa nikah piyambakipun tetep alampah zina, ingkang déning ayat punika dipun lepataken sanget.

562. Islam boten namung ngènthèngaken saréngat Yahudi tuwin saréngat kina sanèsipun pundi ingkang ngawrat-awrati, nanging sadaya tatalesing pandamel tulus ugi kasebutaken kalayan sampurna gumeleng, boten mawi mijang-mijang ingkang kalayan boten perlu, ngantos jati-jatining sasanggènipun manusa punika wonten ing dalem Islam langkung ènthèng sanget, manawi katimbang kaliyan wonten ing agami sanès-sanèsipun. Langkung-Langkung anggènipun Islam anedahaken manusa dhateng margi ingkang leres ingkang kanggé ngluwaraken manusa saking babandaning dosa, punika boten asarana pangebang-ebang ingkang boten wonten nyatanipun, nanging sarana rumeksa saèstu dhateng para manusa, sampun ngantos sami dhumawah wonten ing margi ingkang awon. Kados makaten anggènipun Islam ngènthèngaken sasanggènipun manusa.

563. Nama ngawur sanget manawi dhawuh ingkang mungel *lan manusa iku katitahaké apes*, punika dipun anggé pawadan ngéngingaken manusa tumindak murang kasusilan, kados déné anggènipun mastani sawenèh para panyela Nasrani. Suraosing dhawuh ngajengipun tuwin wingkingipun kalayan terang nedahaken punapa ingkang dipun karsakaken ing dhawuh wau. Ayat-ayat punika mangandikakaken sihwilasanipun Allah ingkang sakalangkung ageng, inggih punika déné Panjenenganipun sampun nedahaken manusa ing margi ingkang saged andumugèkaken dhateng yakti tuwin pitedah, jalaran manusa punika margi saking anggènipun tinitah apes, boten saged badhé ngupados margi piyambak ingkang mesthi leresipun. Lah inggih punika suraosipun "manusa tinitah apes" ing ngriki. Manawi manusa ngupados margi piyambak, yekti piyambakipun nama ngentebi badanipun piyambak kalayan sasanggèn ingkang sakalangkung awrat; nanging Allah, ingkang sampun boten kikilapan malih dhateng kudratipun manusa margi Panjenenganipun punika Ingkang-anitahaken, kapareng ngènthèngaken sasanggènipun manusa sarana nedahaken dhateng margi ingkang leres.

29 É, para kang padha angèstu, aja sira padha mangan bandhanira ing antaranira kalawan ora bener, kajaba (kenané) yèn dol tinuku kalawan padha legawanira;[564] lan aja padha matèni *wongira*; sayekti Allah iku marang sira Mahaasih.

Ut. *awakira*

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَأْكُلُوٓا۟ أَمْوَٰلَكُم بَيْنَكُم بِٱلْبَٰطِلِ إِلَّآ أَن تَكُونَ تِجَٰرَةً عَن تَرَاضٍ مِّنكُمْ ۚ وَلَا تَقْتُلُوٓا۟ أَنفُسَكُمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِكُمْ رَحِيمًا ﴿٢٩﴾

30 Lan sapa sing anglakoni mangkono iku kalawan jaragan panerak lan tindak dudu, ya bakal tumuli Ingsun cemplungaké ing geni; lan mangkono iku ingatasé Allah gampang.

وَمَن يَفْعَلْ ذَٰلِكَ عُدْوَٰنًا وَظُلْمًا فَسَوْفَ نُصْلِيهِ نَارًا ۚ وَكَانَ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرًا ﴿٣٠﴾

31 Manawa sira padha angedohi barang kang gedhé-gedhé kang linarangan tumrapé sira, Ingsun bakal *angilangi tumiyungira marang ala*[565] sarta anglebokaké sira marang enggon-lumebu kang mulya.

Ut. *anutupi alanira*

إِن تَجْتَنِبُوا۟ كَبَآئِرَ مَا تُنْهَوْنَ عَنْهُ نُكَفِّرْ عَنكُمْ سَيِّـَٔاتِكُمْ وَنُدْخِلْكُم مُّدْخَلًا كَرِيمًا ﴿٣١﴾

32 Lan aja padha mèri ing barang kang diagem déning Allah angluwihaké sawenèhira angungkuli sawenèhé; para wong lanang olèh panduman apa pituwasing panggawéné, lan para wong wadon padha olèh panduman apa pituwasing panggawéné; lan padha

وَلَا تَتَمَنَّوْا۟ مَا فَضَّلَ ٱللَّهُ بِهِۦ بَعْضَكُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ ۚ لِّلرِّجَالِ نَصِيبٌ مِّمَّا ٱكْتَسَبُوا۟ ۖ وَلِلنِّسَآءِ نَصِيبٌ مِّمَّا ٱكْتَسَبْنَ ۚ وَسْـَٔلُوا۟

564. Suraosipun ayat punika: sadaya lampah ingkang boten absah dipun awisi, nanging ngupados babathèn sarana lampah dadagangan, inggih punika lampah ingkang dhinasaran sami legawanipun, dipun kaparengaken, jalaran punika lampah ingkang absah. Tijârah punika tegesipun ngupados bebathèn sarana lampah sadé tinumbas (Rz-LL). Nadyan dhawuh punika nyrambahi (umum), nanging ugi mengku suraos ingkang tartamtu, ingkang lèrègipun wigatos andhawuhaken supados wewenangipun èstri milik rajadarbé punika dipun aosi ingkang sayektos, jalaran limrahipun inggih bandhanipun èstri punika ingkang sok dipun telasaken kalayan mamak-mumuk lan kalayan sawiyah-wiyah, mangka ing ayat candhakipun kasebutaken bilih panerak lan tindak dédé punika kedah dipun singkiri ingkang saèstu.

565. Dhawuh punika boten kénging dipun anggé waton mérang-mérang pandamel dosa dados kalih pangkat: *kabirah* lan *shagîrah.* Dhawuh sanès-sanèsipun ing Quran Suci ugi boten wonten ingkang marsitakaken punika. Sadhéngah pandamel dosa, manawi dipun tindakaken sayektos, punika piawon ingkang ageng. Manusa punika gadhah kacondhongan dhateng awon lan dhateng saé. Lah manawi manusa purun mekak awon, tumiyungipun dhateng awon wau dangu-dangu badhé sirna babar pisan. *Sayyi'ah* utawi *sû'* punika ateges *pandamel awon* lan ugi ateges: *wawatekan awon* (LL). Manawi dipun laras kaliyan suraosing dhawuh, langkung cèples manawi dipun tegesi teges ingkang angka kalih wau.

nyuwuna maring Allah lubèring kadarman-É; sayekti Allah iku marang samubarang nguningani.

اللّٰهَ مِنْ فَضْلِهٖ ؕ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِكُلِّ
شَیْءٍ عَلِیْمًا ﴿۳۲﴾

Ut. *anetepaké*

33 Lan tumrap siji-sijining wong Ingsun wus *andadèkaké* sapa kang bakal maris[566] barang titinggalané wong tuwa loro lan para akrab; déné tumrap para kang padha wis kinukuhaké janjiné déning tanganira tengen, iya wènèhana pandumané;[567] sayekti Allah iku Saksi ingatasé samubarang.

وَلِكُلٍّ جَعَلْنَا مَوَالِیَ مِمَّا تَرَكَ الْوَالِدٰنِ
وَالْاَقْرَبُوْنَ ؕ وَالَّذِیْنَ عَقَدَتْ اَیْمَانُكُمْ
فَاٰتُوْهُمْ نَصِیْبَهُمْ ؕ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَلٰی
كُلِّ شَیْءٍ شَهِیْدًا ﴿۳۳﴾

RUKU' 6

Prakawis jaler kaliyan èstri boten cocog

34. Èstri nilar. 35. Kados pundi sagedipun pirukun dados. 36. Amigatosaken pamituhu ing kawajiban dhateng Gusti Allah sarta kawajiban dhateng manusa. 37-42. Kumed sarta lalamisan cinacad.

34 Para wong lanang iku kang angopèni[568] para wong wadon, amarga Allah wus angluwihaké sawenèhé angungkuli liyané lan amarga saka anggoné angwetokaké

اَلرِّجَالُ قَوّٰمُوْنَ عَلَی النِّسَآءِ بِمَا فَضَّلَ
اللّٰهُ بَعْضَهُمْ عَلٰی بَعْضٍ وَّبِمَاۤ اَنْفَقُوْا مِنْ

Déné ingkang dipun karsakaken makaten: Manawi tiyang punika sampun miwiti purun nebihi tumindak dosa, tumiyungipun dhateng awon ingkang wonten ing badanipun, punika inggih lajeng badhé wiwit sirna.

566. *Mawâlî* punika *jama'*-ipun tembung *maulâ*, ingkang tegesipun warni-warni, kadosta: *bandara* utawi *sesepuh*, *nak sedhèrèk*, *tiyang mardika*, *kawula tumbasan*, *waris*. Miturut para ahli ingkang kénging pinitados (AH), teges ingkang kantun piyambak punika ingkang dipun anggé ing ngriki, sarta inggih namung punika ingkang langkung nocogi kaliyan suraosing dhawuh.

567. Nalika jaman sadèrèngipun Islam, kalimrah ing antawisipun titiyang Arab sami aprajanjian béla-binéla lan waris-winaris satunggal lan satunggalipun; manawi salah satunggal tilar donya, ingkang kantun kaanggep wenang angsal panduman sapraneming barang tilaran (AH). Nalika para Muslimin ngungsi dhateng Madinah, Kanjeng Nabi mranata, saben Muhajir saking Makkah satunggal kalebetaken dhateng iketaning pasadhèrèkan kaliyan salah satunggalipun tiyang asli Madinah, dadosipun (manawi manut tata cara kina) ingkang satunggal dados warisipun satunggalipun manawi salah satunggal tilar donya (Bkh). Nanging panduman ingkang makaten punika boten dipun kaparengaken dèning Quran Suci. Éwadéné ayat punika mrayogèkaken nyukani punapa-punapa dhateng para titiyang wau. déné dhawuh ingkang mungel: *wénéhana pandumané* punika dipun suraos mengku teges: *nyukani pitulungan* punapa kémawon, damel saé tuwin nyukani pamrayogi. Kajawi punika ing sawatawis saged dipun tata wonten ing wasiyat (Bkh).

568. Tembung *qawwâm* punika dipun terangaken déning TA makaten: قام الرجل المرأة وقام عليها tegesipun *wong lanang ngopèni wong wadon lan nguwasani prakarané, tinanggenah nyekel prakarané,* milanipun tiyang jaler punika winastan *qawwâm*-ipun tiyang èstri inggih punika *ingkang ngopèni tiyang*

bandhané; mulané para wong wadon kang becik iku padha ambangun turut,[569] rumeksa *wawadi*[570] kaya anggoné Allah wus angreksa;[571] lan (wong wadon) kang sira kuwatiraké lungané, lah pituturana lan singkirana ing paturon sarta gitiken; manawa banjur manut miturut ing sira, ya aja sira golèk-golèkaké *prakara*; sayekti Allah iku Luhur, Agung.[572]

Ut. *kang ora katon*

Ut. *dalan*

أَمْوَالِهِمْ ۚ فَالصّٰلِحٰتُ قٰنِتٰتٌ حٰفِظٰتٌ لِّلْغَيْبِ
بِمَا حَفِظَ اللّٰهُ ۚ وَالّٰتِيْ تَخَافُوْنَ نُشُوْزَهُنَّ
فَعِظُوْهُنَّ وَاهْجُرُوْهُنَّ فِي الْمَضَاجِعِ
وَاضْرِبُوْهُنَّ ۚ فَاِنْ اَطَعْنَكُمْ فَلَا تَبْغُوْا
عَلَيْهِنَّ سَبِيْلًا ۗ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ
عَلِيًّا كَبِيْرًا ﴿٣٤﴾

èstri. Makaten ugi LL, awawaton Msb: jawinipun *ngopèni bocah yatim utawa bocah cilik.* Dados tiyang jaler dados *qawwâmun* punika namung mengku teges bilih tiyang jaler punika ingkang ngopèni tiyang èstri, déné sababipun, dipun terangaken margi “Allah wis angluwihaké sawenèhé angungkuli liyané,” inggih punika tiyang jaler ngungkuli tiyang èstri menggah ing kawontenaning pawakan tuwin badanipun, déné tiyang èstri ngungkuli tiyang jaler menggah ing kaéndahanipun lan pawakanipun ingkang sarwa alus.

569. Ambangun turut ing ngriki ateges ambangun turut ing Allah. Teges punika saya terang manawi kacundhukaken kaliyan 33: 31, 33: 35, tuwin 66: 5.

570. *Rumeksa wawadi* utawi *rumeksa kang ora katon* punika pasemonipun *rumeksa wewenangipun ingkang jaler* (lakinipun). Sifatipun èstri ingkang saé katerangaken ing ngriki wonten kalih, inggih punika bekti utawi manut miturut ing Allah sarta suci, tegesipun suci tiyang èstri kedah rumeksa saèstu kawajibanipun dhateng Allah tuwin dhateng lakinipun (Rz).

571. Terangipun: anggènipun sami rumeksa wewenangipun ingkang jaler, punika yektinipun nugraha saking ngarsanipun Allah, jalaran menggah ing sajatos-jatosipun inggih Allah ingkang rumeksa (Rz). Utawi kénging dipun tegesi *amarga Allah wus andhawuhaké supaya iku kareksaa.*

572. Sasampunipun nerangaken wajibipun tiyang jaler ngopèni sémahipun, sabda suci punika lajeng andhawuhaken kawajibanipun èstri boten kénging nilar lakinipun. Tembung *nusyûz* ingkang kula jarwani lunga, punika aslinipun ateges *mirong,* sarta manawi kanggé nembungaken tiyang èstri dhateng ingkang jaler, tembung wau ateges mirong dhateng lakinipun. Katranganipun warni-warni; miturut salah satunggaling katrangan-katrangan wau, mengku suraos: *nilar griyaning lakinipun tuwin manggèn wonten ing panggènan ingkang boten andadosaken sarujukipun ingkang jaler* (AH). LL nyebutaken wawaton warni-warni ingkang nerangaken ukara نشزت المرأة على زوجها ingkang ateges: *tiyang èstri milawani lakinipun lan anggething piyambakipun* (S, Q) *tuwin nilar piyambakipun* (TA).

Kasebutaken, manawi wonten kukuwatosan tiyang èstri nilar lakinipun, wonten warni tiga usadanipun. Langkung rumiyin tiyang èstri dipun pituturi. Manawi piyambakipun purun mantuni, upamia mamala nama sampun mantun: nanging manawi piyambakipun wau taksih nglajengaken tindakipun ingkang boten leres, dipun pisaha patilemanipun. Manawi meksa taksih lajeng-lajeng, minangka sarana pamungkas, kénging dipun pidana (Rz). Ing bab prakawis usada ingkang mangka pamungkas punika, wonten prakawis warni kalih kedah dipun èngeti. Sapisan, nandukaken pidana wau namung lugu “dipun idini,” liripun boten dipun dhawuhaken kedah katindakaken, malah nitik hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi, nadyan dipun idini, boten dipun prayogèkaken katindakaken. Dipun riwayataken Nalika Kanjeng nabi nampi wadulipun sawenèhing tiyang èstri ing bab boten saéning garapipun ingkang jaler dhateng èstri wau, Kanjeng Nabi ngandika makaten: “Weruha wong-wong iki dudu becik-beciking wong saka ing antaramu” (Rz). Miturut Syafa’i langkung prayogi èstri wau boten dipun patrapi pidana (Rz). Menggah ing sajatos-jatosipun manawi ngèngeti bilih dhawuhing Quran punika wiyar sanget tebanipun, saha manawi ngèngeti conto ingkang katindakaken Kanjeng Nabi tuwin angèngeti anggènipun tansah paring pèpènget supados tiyang jaler saé garapipun dhateng tiyang èstri, ngantos tumrap panjenenganipun ingkang kanggé ngukur kasaénan satunggaling tiyang punika saéning garapipun tiyang wau dhateng ingkang èstri – *becik-beciké wong saka ing antaramu yaiku wong kang*

35 Lan manawa sira kuwatir pedhoté sakaloroné, lah angedegna juru hukum siji saka ahliné si lanang lan juru hukum siji saka ahliné si wadon; manawa sakaroné karep pirukun, Allah bakal angrujukaké sakaroné; sayekti Allah iku Anguningani, Waspada.[573]

وَإِنْ خِفْتُمْ شِقَاقَ بَيْنِهِمَا فَابْعَثُوا
حَكَمًا مِّنْ أَهْلِهِ وَحَكَمًا مِّنْ أَهْلِهَا ۚ
إِن يُرِيدَا إِصْلَاحًا يُوَفِّقِ اللَّهُ بَيْنَهُمَا ۗ
إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلِيمًا خَبِيرًا ﴿٣٥﴾

36 Lan padha ngawulaa ing Allah, sarta aja anyakutokaké sawiji-wijia kalawan Panjenengané, lan padha di becik karo wong tuwa loro lan karo para krabat tuwin para bocah yatim tuwin para wong miskin, apa déné tangga sanak lan tangga manca,[574] tuwin kanca lulungan, sarta wong lalaku lan kang kadarbé ing tanganira tengen;[575] sayekti Allah iku ora remen marang wong kang kumalungkung, umuk;

وَاعْبُدُوا اللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا
وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَبِذِي الْقُرْبَىٰ
وَالْيَتَامَىٰ وَالْمَسَاكِينِ وَالْجَارِ ذِي الْقُرْبَىٰ
وَالْجَارِ الْجُنُبِ وَالصَّاحِبِ بِالْجَنبِ
وَابْنِ السَّبِيلِ وَمَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ ۗ إِنَّ
اللَّهَ لَا يُحِبُّ مَن كَانَ مُخْتَالًا فَخُورًا ﴿٣٦﴾

---

luwih becik marang rabiné – manawi angèngeti punika sadaya, tétéla bilih idin punika namung kasedhiyakaken kanggé bangsaning tiyang jaler tuwin tiyang èstri ingkang kagolong asor drajadipun wonten ing kalanganing babrayan. Kaping kalihipun, nadyan dipun tindakna idin punika, boten kénging pisan-pisan waton nandukaken pidana, tanpa angèngeti empan papan tuwin dugi prayogi, jalaran miturut dhawuh-dhawuh pangandikanipun Kanjeng Nabi, midana tindak nglangkungi wates, punika kedah namung kalayan ènthèng. I'Ab ngandikakaken bilih pidana wau cekap katindakaken sarana sikat-untu utawi barang sanèsipun ingkang sawarni punika (AH).

573. Ing ngriki kathah prakawis ingkang perlu dados pamanahipun para ingkang gadhah panginten, bilih agami Islam ngéngingaken pegatan namung jalaran sabab ingkang sapélé. Manawi kelampahan wonten pipisahan, kawajiban Qadi ingkang rumiyin piyambak ngangkat juru-hukum saking kalih fihak (fihakipun tiyang jaler lan fihakipun tiyang èstri), ingkang tinanggenah kapurih ngrukunaké. Lah manawi juru-hukum wau boten saged damel pirukun, pegatan saweg dipun kéngingaken. Tiyang èstri saged angsal *thalaq* (pegat) lumantar Qadi utawi juru-hukum ingkang kalayan sah dipun wenangaken andhawahaken pegat. Nalika jaman Islam wiwitan, kathah prakawis-prakawis ingkang dipun pancasi kalayan sacara ingkang kasebutaken ing ayat punika. Kula aturi mirsani tuladha ingkang dipun sebutaken déning Rz, inggih punika pancasanipun Bagéndha 'Ali tumrap prakawis *syiqaq* (pasulayanipun tiyang sésémahan), kalayan tembung ingkang terang, tiyang jaler dipun dhawuhi supados netepi pancasanipun juru-hukum ingkang dipun angkat manut dhawuhipun ayat punika.

574. Sawenèh nyuraos وَالْجَارِ ذِي الْقُرْبَىٰ punika *tangga ingkang taksih magepokan sanak*, sawenèh malih masthani *tongga tiyang Muslim*, makaten ugi وَالْجَارِ الْجُنُبِ dipun suraos *tangga ingkang boten magepokan sanak*, utawi *tongga tiyang agami sanès* (AH). Miturut ngulami ahli basa, tembung ingkang kantun wau ateges *tiyang ingkang dados tongga nanging kagolong dhateng umat sanès* (tembungipun sifat wau asli saking tembung *jamb* ingkang teges *lambung*) (LL). Dados kaloman cara Islam punika boten kawatesan namung dhateng umatipun piyambak utawi tiyang ingkang nunggil agami, nanging ugi nyrambahi dhateng golongan sanès punika.

575. Ingkang dipun karsakaken *kang kadarbé ing tanganira tengen* punika *sadaya ingkang dados*

37 Para kang padha kumed sarta angajani wong-wong supaya kumed, tuwin anyingidaké paparinging Allah marang dhèwèké kang arupa lubèring kadarman-É; lan Ingsun anyadiyakaké siksa kang ngasoraké tumrap para kafir:

الذين يبخلون ويأمرون الناس
بالبخل ويكتمون ما آتاهم الله من
فضله ۗ وأعتدنا للكافرين عذابا مهينا ﴿٣٧﴾

38 Lan para kang angetokaké bandhané amrih katona ing wong-wong sarta padha ora angèstu ing Allah lan ora (angèstu) ing dina akhir; lan sapa sing sétan iku dadi kancané, lah kanca kang ala dhèwèké iku!

والذين ينفقون أموالهم رئاء الناس
ولا يؤمنون بالله ولا باليوم الآخر ۗ
ومن يكن الشيطان له قرينا فساء قرينا ﴿٣٨﴾

39 Lan apa ta kang ngalakaké dhèwèké, yèn dhèwèké padha angèstu ing Allah lan dina akhir sarta padha amèwèhaké barang paparinging Allah marang dhèwèké? Lan Allah iku nguningani marang dhèwèké.

وماذا عليهم لو آمنوا بالله واليوم
الآخر وأنفقوا مما رزقهم الله ۚ وكان
الله بهم عليما ﴿٣٩﴾

40 Sayekti Allah iku ora atindak dudu (sanajan mung) saboboting mendhang, lan manawa panggawé becik, iku Panjenengané anikel-nikeli sarta amaringi ganjaran gedhé saka ing ngarsa-Né.[576]

إن الله لا يظلم مثقال ذرة ۖ وإن
تك حسنة يضاعفها ويؤت من لدنه
أجرا عظيما ﴿٤٠﴾

41 Lah banjur kapriyé manawa Ingsun anekakaké saksi siji saka siji-sijining umat sarta Ingsun anekakaké sira minangka saksi ingatasé (umat) iki?[576A]

فكيف إذا جئنا من كل أمة بشهيد
وجئنا بك على هؤلاء شهيدا ﴿٤١﴾

wewengkonipun, dados kalebet ugi rajakaya ingah-ingahanipun (AH, Rz).

576. Sifat Mahaasihipun Pangéran ingkang anglimputi tansah kasebutaken marambah-rambah; sawenèh gambaripun: kasaénan mesthi dipun tikel-tikelaken, awon dipun icalaken. Kasaénan tansah dipun tikel-tikelaken, punika terang anedahaken bilih kasaénan punika ugi wasananipun mesthi badhé menang wonten ing jagad punika. Angger-anggering Pangéran ingkang tumindak wonten ing sagung dumados punika sadaya anedahaken bilih jagad punika lumampah tumuju dhateng punjering kasaénan.

576A. Asring kapangandikakaken bilih kautusipun Nabi dhateng satunggaling umat punika minangka saksi (Ar, *syahîd*) ingatasipun umat wau. Mila makaten jalaran manawi umat wau angemohi yakti ingkang dipun ampil, wonten ing ngarsanipun Allah nabi wau aneksèni anggènipun sami angemohi wau.

42 Ing dina iku para kang padha kafir lan padha andaga ing Utusan, padha milalah lemah dipadhakna karo awaké, sarta padha ora bakal ngumpetaké tembung siji-sijia saka ing Allah.

يَوْمَئِذٍ يَوَدُّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَعَصَوُا الرَّسُولَ لَوْ تُسَوَّىٰ بِهِمُ الْأَرْضُ ۖ وَلَا يَكْتُمُونَ اللَّهَ حَدِيثًا ﴿٤٢﴾

RUKU' 7

Kasucian lahir lan Batos

43. Susuci minangka tata-tata badhé salat punika perlu. 44-47. Para Yahudi dipun pituturi supados ambangun turut. 48-50. Wigatosipun dosanipun manembah pangéran kathah.

43 É, para kang padha angèstu! Aja padha cedhak-cedhak salat, samangsané sira isih mendem, nganti tumeka sira weruh (terang) apa pangucapira,[577] *mangkono uga* manawa sira lagi pinuju katetep ing wajib adus grujug[578] – kajaba (manawa sira lagi) lalaku ing dalan[579] – tumeka yèn sira wis adus; lan manawa sira pinuju lara

Ar. *lan ora*

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَقْرَبُوا الصَّلَاةَ وَأَنْتُمْ سُكَارَىٰ حَتَّىٰ تَعْلَمُوا مَا تَقُولُونَ وَلَا جُنُبًا إِلَّا عَابِرِي سَبِيلٍ حَتَّىٰ تَغْتَسِلُوا ۚ وَإِنْ كُنْتُمْ مَرْضَىٰ أَوْ عَلَىٰ

577. Punapa tegesipun tembung *sukara* ing ngriki, wonten pamanggih warni-warni. Aslinipun, tembung *mufrad sakaran* punika ateges *tiyang ingkang wuru.* Wonten ingkang mastani bilih ing ngriki punika ateges *wuru margi saking minum*, wonten malih ingkang mastani *wuru margi saking tilem* (TA-LL, Dk-Rz). Pancèn nyata manawi *sakr* punika ugi saged mengku teges ingkang kasebut kantun wau, jalaran tegesipun wantah *mepeti* (LL, Rz). Mila ing Quran Suci wonten dhawuh ingkang mungel makaten سكرت ابصارنا jawinipun *mripatku kasirep utawi kapepetan nganti ora bisa andeleng* (15: 15). Tembung punika ugi kanggé nembungaken *puputoning nalar ingkang ruwet* (LL).

Manawi dipun anggep bilih tumurunipun ayat punika ing sasampunipun tumurun wahyu ingkang ngawisi minum, anggènipun negesi Dk wau terang manawi leres piyambak; manawi boten, dhawuh wau lajeng dumunung tataran ingkang wiwitan anggènipun badhé ngawisi babar pisan minum inuman keras, jalaran kawajiban salat ngantos ambal kaping gangsal ing sadinten-dintenipun, punika mesthi inggih mahanani tiyang lajeng boten patosa kober kasukan minum.

578. Tembung ingkang kula tegesi ngantos sawatawis panjang ukaranipun, punika *junub* (saking tembung *jamb* ingkang tegesipun *lambung*). Manawi tembung punika dipun tegesi *ora suci* utawi *jember* boten leres, lan inggih boten wonten ahli basa ingkang negesi makaten punika. Déné menggah ing sajatos-jatosipun tembung wau tembung istilah, mengku teges *tiyang ingkang katetep ing wajib susuci ageng* utawi *adus grujug* (LL). Déné sambetipun kaliyan tegesipun ingkang asli, tiyang ingkang katetep ing wajib adus grujug wau *kepéring* utawi *tebih saking salat* (Rgh). Quran Suci tuwin hadits pangandika Nabi Suci boten wonten ingkang suka raos bilih tiyang ingkang katetep wajib wau jember. Déné ingkang katetep ing wajib adus grujug punika tiyang ingkang mentas saresmi.

579. Utawi *cedhak-cedhak salat* tumrap prakawis punika, punika ateges *lumebet ing masjid* (I'Ab-Rz). Manawi dipun suraos makaten wau, الا عابري سبيل punika lajeng ateges: *kajaba manawa sira iku ngliwati (masjid) dalané.*

utawa sajroning lulungan, utawa salah sawijinira teka saka ing pakiwan, utawa sira mentas ang-grayang wong wadon[580] mangka sira padha ora bisa éntuk banyu lah padha anganggoa lebu kang resik[581] banjur padha ngusapna marang rai-rainira lan tangan-tanganira; sayekti Allah iku ambek Amuwung, Aparamarta.

سَفَرٍ اَوْ جَآءَ اَحَدٌ مِّنْكُمْ مِّنَ الْغَآئِطِ
اَوْ لٰمَسْتُمُ النِّسَآءَ فَلَمْ تَجِدُوْا مَآءً
فَتَيَمَّمُوْا صَعِيْدًا طَيِّبًا فَامْسَحُوْا بِوُجُوْهِكُمْ
وَاَيْدِيْكُمْ ؕ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَفُوًّا غَفُوْرًا ﴿۴۳﴾

44 Apa sira ora weruh para kang padha kaparingan sapéranganing Kitab? Padha anguyang sasar sarta padha angarah supaya sira padha kasasar saka ing dalan.

اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ اُوْتُوْا نَصِيْبًا مِّنَ الْكِتٰبِ
يَشْتَرُوْنَ الضَّلٰلَةَ وَيُرِيْدُوْنَ اَنْ
تَضِلُّوا السَّبِيْلَ ﴿۴۴﴾

45 Lan Allah iku luwih wikan marang mungsuh-mungsuhira; lan wis cukup Allah iku minangka Pangayoman, lan wis cukup Allah iku minangka Panulung.

وَاللّٰهُ اَعْلَمُ بِاَعْدَآئِكُمْ ؕ وَكَفٰى بِاللّٰهِ
وَلِيًّا ۙ وَّكَفٰى بِاللّٰهِ نَصِيْرًا ﴿۴۵﴾

46 Para kang padha Yahudi ana kang padha angelih tembung-tembung saka ing panggonané[582] lan padha calathu: Aku wis padha
a. 136 ngrungu lan aku padha mopo;[a] lan:

مِنَ الَّذِيْنَ هَادُوْا يُحَرِّفُوْنَ الْكَلِمَ عَنْ
مَّوَاضِعِهٖ وَيَقُوْلُوْنَ سَمِعْنَا وَعَصَيْنَا

580. *Anggrayang wong wadon* punika tembung pasemonipun saresmi. Quran Suci kathah anggènipun ngagem tembung ingkang alus-alus kanggé mangandikakaken prakawis ingkang werit punika, sarta ingkang makaten wau boten naté katindakaken déning bangsa Arab ing sadèrèngipun tumurun Quran Suci. Kanggé nyekapi kabetahanipun manusa, perlu prakawis ingkang kados makaten punika dipun sebutaken, namung tembung tuwin caranipun nerangaken kémawon kapilihaken ingkang sakinten boten lékoh.

581. *Sha'îd* (saking tembung *sha'ada* ingkang tegesipun *munggah* utawi *mumbul*) punika ateges pasitèn ingkang *inggil*, awit saking punika mila tembung wau limrahipun lajeng mengku teges *siti*, *pasitèn* utawi *lemahing bumi*, sami ugi punapa *lebu*, *siti* punapa *sanèsipun malih* (Zj-LL). Tembung *tayammum* ingkang ugi sapunikanipun dados tembung istilah (saking *amma* ateges *nglintoni*), punika aslinipun ateges: *migunakaken*, sarta dadosipun tembung istilah ateges nebakaken èpèk-èpèk kalih dhateng siti ingkang suci, utawi barang punapa kémawon ingkang wonten lebunipun ingkang suci, lajeng ngusapaken èpèk-èpèkipun wau dhateng rai tuwin gigiring èpèk-èpèkipun. Manawi boten manggih toya, utawi manawi sakinten ambabayani nganggé toya, tiyang kénging *tayammum*, minangka gentosipun wudlu utawi susuci ing sadèrèngipun salat.

582. Bab prakawis risakipun kitab ingkang rumiyin-rumiyin, punika tansah katerangaken ing Quran Suci, sarta nitik ungeling dhawuh punika, terang manawi ingkang dipun karsakaken punika risak menggahing isinipun tuwin kalèntuning anggènipun anjarwakaken. Nama kasangetan sanget manawi fihakipun para pambélaning Kitab Bébel ngungkiri karisakan wau, jer tuladha-tuladhanipun ingkang

Ngrungokna, muga tanpaa krungu!
a. 150 Lan: *Râ'ina*[a] kalawan anyalèwèng-
aké pakecapané (tembung iku)
sarana ilaté lan anyanyamah aga-
ma; lan saupama dhèwèké padha
calathua: Aku wis padha ngrungu
lan ambangun turut, lan rungokna,
b. 150 lan *unzurnâ*[b] amasthi iku luwih
becik tumrapé dhèwèké lan luwih
jujur; ananging Allah wus ang-
la'nati marang dhèwèké amarga
saka anggoné padha kafir, mulané
dhèwèké padha ora angèstu, kajaba
mung sathithik.

وَاسْمَعْ غَيْرَ مُسْمَعٍ وَرَاعِنَا لَيًّا بِأَلْسِنَتِهِمْ وَطَعْنًا فِي الدِّينِ ۚ وَلَوْ أَنَّهُمْ قَالُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا وَاسْمَعْ وَانْظُرْنَا لَكَانَ خَيْرًا لَهُمْ وَأَقْوَمَ وَلَٰكِنْ لَعَنَهُمُ اللَّهُ بِكُفْرِهِمْ فَلَا يُؤْمِنُونَ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٤٦﴾

47 É, para kang wus padha
kaparingan Kitab! Padha angèstua
marang apa kang wus Ingsun dha-
wuhaké, dumunung ambenerake
c. 70 apa kang ana ing sira,[c] mumpung
Ut. *panuntun* *rai-rai* padha durung Ingsun
Ut. *sirnakaké* *owahi*, banjur Ingsun inger marang
gegeré, utawa padha Ingsun la'nati
kaya anggon-Ingsun angla'nati pa-
Ut. *mitraning* ra *panerak* Sabbat; lan paréntahing
Allah iku masthi kalaksanan.[583]

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ آمِنُوا بِمَا نَزَّلْنَا مُصَدِّقًا لِمَا مَعَكُمْ مِنْ قَبْلِ أَنْ نَطْمِسَ وُجُوهًا فَنَرُدَّهَا عَلَىٰ أَدْبَارِهَا أَوْ نَلْعَنَهُمْ كَمَا لَعَنَّا أَصْحَابَ السَّبْتِ ۚ وَكَانَ أَمْرُ اللَّهِ مَفْعُولًا ﴿٤٧﴾

terang gamblang ugi sampun dipun tedahaken. Bab prakawis risakipun "kitab suci," ing Quran Suci kawarsitakaken kalayan mligi wonten ing 2: 75-79, 5: 13, 41 tuwin ing ayat punika. Déné "ambenerake" ingkang kasebut ing ayat 47, tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun, punika namung mengku teges angleresaken tatales-tatalesipun ingkang umum, langkung-langkung piweca-piweca ingkang kamot wonten ing kitab-kitab wau, sarta neksèni ing kayektènipun wahyu ingkang sampun-sampun; dados boten pisan-pisan mengku kajeng boten ngakeni risakipun tuwin éwahing isinipun, ingkang sampun cetha awéla-wéla tuwin boten kénging pinaiben malih.

583. Ing ngriki dipun terangaken wonten siksa warni kalih ingkang calon badhé dhumawah dhateng dhateng para Yahudi. Ingkang sapisan kadhawuhaken ing ayat punika نَّطْمِسَ وُجُوهًا ingkang aslinipun ateges *Ingsun nyirnakaké* utawi *ngowahi rai-rai.* Nanging tembung wau cetha manawi namung tembung ngibarat, wondéné ngowahi *rai-rai* punika ateges ngicali *kaagunganipun tuwin karaharjanipun punapa déné andhawahi dhateng piyambakipun asor lan rekaos* (Bd).

Suraos punika ugi dipun cethakaken malih wonten ing salebeting dhawuh ingkang mungel: *Ingsun inger marang gegeré.* Wonten ingkang nyuraos bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika anggèning para Yahudi ing wekasanipun kéndhangaken saking tanah Arab. Nanging dhawuh wau ugi saged mengku teges kados ingkang kasebut ing margin, jalaran *wujud* punika tarkadhang inggih sok ateges *para pinisepuh* tuwin *para panuntun* (Rgh, bab *thams;* Rz, Bd).

Siksanipun ingkang angka kalih inggih punika anggènipun kadhawahaken ing la'nat kados ingkang andhawahi para ingkang sami nerak wawalering dinten Sabbat. Bab punika kula aturi mirsani katerangan angka 107.

48 Sayekti Allah iku ora angapura yèn (wong) anyakuthokaké (apa-apa) karo Panjenengané sarta angapura apa ing saliyané iki marang sapa kang dadi kapareng-É; lan sapa sing anyakuthokaké apa-apa karo Allah, temen angrantam dosa kang gedhé.[584]

إِنَّ اللَّهَ لَا يَغْفِرُ أَنْ يُشْرَكَ بِهِ وَيَغْفِرُ
مَا دُونَ ذَٰلِكَ لِمَنْ يَشَاءُ ۚ وَمَنْ يُشْرِكْ
بِاللَّهِ فَقَدِ افْتَرَىٰ إِثْمًا عَظِيمًا ﴿٤٨﴾

Ar. *anganggep suci awaké dhéwé*

Ar. *sasiliring wiji kurma*

49 Apa sira ora andeleng marang para kang padha *ambek sumuci*? Balik saluguné Allah kang anucèkaké sapa kang dadi kapareng-É, lan ora bakal kataman ing tindak dudu *babar pisan.*

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ يُزَكُّونَ أَنْفُسَهُمْ ۚ بَلِ
اللَّهُ يُزَكِّي مَنْ يَشَاءُ وَلَا يُظْلَمُونَ فَتِيلًا ﴿٤٩﴾

50 Mara sira delenga, kapriyé anggoné padha agawé-gawé goroh ditibakaké marang Allah, lan iki wis cukup dadi dosa kang tétéla.

انْظُرْ كَيْفَ يَفْتَرُونَ عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ ۖ
وَكَفَىٰ بِهِ إِثْمًا مُبِينًا ﴿٥٠﴾

RUKU' 8

Sawarnining tumiyungipun manah dhateng tindak dédé tuwin lampah awon kedah dipun singkiri

51-53. Para Yahudi milih para nyembah brahala tinimbang para Muslimin. 54. Ingkang binarkahan punika dharah Ibrahim 55-57. Wawalesing angafiri kaliyan angèstu. 58. Juru hukum tuwin pancasan. 59. Pambangunturut dhateng Utusan sarta dhateng panguwasa sanèsipun.

Ut. *brahala*
a. 343

51 Apa sira ora andeleng marang para kang kaparingan sapéranganing Kitab? Padha angèstu ing *kemayan*[585] lan sétan[a] sarta padha

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ أُوتُوا نَصِيبًا مِنَ الْكِتَابِ
يُؤْمِنُونَ بِالْجِبْتِ وَالطَّاغُوتِ وَيَقُولُونَ

584. Ingkang dipun karsakaken punika mangéran kathah, inggih punika anjèjèri Allah kalayan sesembahan sanèsipun, ingkang manawi miturut tembungipun Quran Suci winastan *syirk.* Boten namung sapisan kaping kalih anggènipun Quran nyebutaken bilih *syirk* punika dosa ingkang ageng piyambak. Déné ingkang makaten wau boten teka sabab *syirk* punika anggempilaken kaluhuranipun Pangéran, wangsul bab *syirk* punika adamel asor dhateng manusa piyambak. Manusa punika katitahaken supados nguwaosi sagung dumados, milanipun samangsa manusa punika ngasoraken awakipun piyambak dhateng sasamining manusa, utawi dhateng titah ing sangandhapipun ingkang pancènipun dipun kuwaosi, piyambakipun lajeng nama ngical-icalaken maksud ingkang dados sedyanipun tumitahipun. Kedah dipun pèngeti bilih dhawuh punika namung mengku teges bilih para mangéran kathah (tiyang musyrik), punika rèhning sampun nisthakaken dhateng awakipun piyambak, dadosipun lajeng boten saged sumengka manginggil malih tanpa mawi ngraosaken wohipun; dados boten kok nerangaken manawi siksanipun langgeng tanpa wekasan.

585. Tembung ingkang asli: *jibt,* ingkang ateges *brahala* utawi brahala-brahala (LL), utawi

لِلَّذِينَ كَفَرُوا هَٰؤُلَاءِ أَهْدَىٰ مِنَ الَّذِينَ آمَنُوا سَبِيلًا ﴿٥١﴾

angandhakaké para kang padha kafir: Iki luwih ketuntun ing dalan bener tinimbang para kang padha angèstu.

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ لَعَنَهُمُ اللَّهُ ۖ وَمَن يَلْعَنِ اللَّهُ فَلَن تَجِدَ لَهُ نَصِيرًا ﴿٥٢﴾

52 Iki para kang dila'nati déning Allah, lan sapa sing dila'nati déning Allah, amasthi ora bakal éntuk panulung.

أَمْ لَهُمْ نَصِيبٌ مِّنَ الْمُلْكِ فَإِذًا لَّا يُؤْتُونَ النَّاسَ نَقِيرًا ﴿٥٣﴾

53 Apa ta dhèwèké padha duwé panduman karaton? Lah (yèn ta mangkonoa, amasthi) iya ora gelem wèwèh marang manusa, sanajan mung sagalering wiji kurma.[586]

أَمْ يَحْسُدُونَ النَّاسَ عَلَىٰ مَا آتَاهُمُ اللَّهُ مِن فَضْلِهِ ۖ فَقَدْ آتَيْنَا آلَ إِبْرَاهِيمَ الْكِتَابَ وَالْحِكْمَةَ وَآتَيْنَاهُم مُّلْكًا عَظِيمًا ﴿٥٤﴾

54 Apa ta padha andrengkèni para manusa déning anggoné padha kaparingan déning Allah arupa lubèring kadarman-É? Lah temen Ingsun wis amaringi Kitab lan kawicaksanan para dharah Ibrahim, sarta wus padha Ingsun paringi karaton kang gedhé.[587]

فَمِنْهُم مَّنْ آمَنَ بِهِ وَمِنْهُم مَّن صَدَّ

55 Mulané sawenèhé[588] ana sing angèstu ing dhèwèké lan sawenèhé ana sing malèngos saka dhè-

samukawis ingkang kasembah sanèsipun Allah utawi *juru kemayan,* utawi *tukang pethèk* (Rgh), utawi *kemayan* (Sa'alabi-LL). Sawenèh mastani manawi tembung wau sami kaliyan tembung *jibs,* ingkang tegesipun *barang ingkang tanpa gina* (Rz) utawi barang *ingkang boten wonten saénipun.* Kacariyosaken nalika para Yahudi damel prajanjian kaliyan titiyang Quraisy, para Yahudi sami nyembah brahala-brahala Quraisy (Rz). Nanging sajakipun dhawuh punika nuju bab prakawis kanisthanipun para Yahudi saumumipun, kadosta anggènipun sami ngandel dhateng sawarnining kemayan, bangsa pethèk, sihir, lan anggènipun sampun dangu nyingkur piwulang tauhid murni asli saking Kanjeng Nabi Musa.

586. Tegesipun: ing bab tumedhakipun nugraha karaton, para titiyang wau boten sami angsal panduman; saupami angsala panduman, piyambakipun mesthi inggih boten purun nyukani dhateng tiyang sanès barang-barangipun karaton wau, dalasan ingkang sapélé pisan. Sampun terang manawi ingkang dipun karsakaken punika karaton duniawi tuwin karaton ruhani ingkang dipun janjèkaken dhateng dharah Ibrahim, kados déné ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat candhakipun, ingkang déning para Yahudi dipun wastani boten saged kaparingan dhateng umat sanèsipun umat Yahudi.

587. Karatoning suwarga, inggih punika "karaton kang gedhé," punika taksih lastantun dumunug wonten dharah Ibrahim. Nanging sapunika dipun pindah saking trah Israil dhateng trah Isma'il, miturut janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim (mirsanana katerangan angka 168).

588. Ingkang dipun karsakaken punika dharah Ibrahim, ingkang sawenèhipun inggih punika para titiyang Yahudi.

wèké,[589] lan naraka iku wis cukup kanggo ngobong.

عَنْهُ ۚ وَكَفَىٰ بِجَهَنَّمَ سَعِيرًا ﴿٥٥﴾

56 Sayekti para kang padha angafiri ing timbalan-timbalan-Ingsun, bakal Ingsun cemplungaké ing geni; saben-saben kulité wis padha kobong, padha Ingsun salini kulit liyané,[590] supaya padha ang-rasakaké siksa; sayekti Allah iku Minulya, Wicaksana.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا بِآيَاتِنَا سَوْفَ نُصْلِيهِمْ
نَارًا ۚ كُلَّمَا نَضِجَتْ جُلُودُهُمْ بَدَّلْنَاهُمْ
جُلُودًا غَيْرَهَا لِيَذُوقُوا الْعَذَابَ ۗ إِنَّ
اللَّهَ كَانَ عَزِيزًا حَكِيمًا ﴿٥٦﴾

57 Lan para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, bakal Ingsun lebokaké ing pata-manan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ing kono, langgeng; ana ing kono bakal padha olèh jodho kang padha suci[a] lan bakal padha Ingsun lebokaké ing (*kahanan*) *kabegjan gedhé*.[591]

Ut. *ngisoré*

a. 42

Ar. *éyuban kang edhum*

وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ سَنُدْخِلُهُمْ
جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ
فِيهَا أَبَدًا ۖ لَهُمْ فِيهَا أَزْوَاجٌ مُطَهَّرَةٌ ۖ
وَنُدْخِلُهُمْ ظِلًّا ظَلِيلًا ﴿٥٧﴾

58 Sayekti Allah adhawuh ma-rang sira ingandikakaké padha ambalèkaké titipan[592] marang

Ar. *sing andarbèni*

إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُكُمْ أَنْ تُؤَدُّوا الْأَمَانَاتِ إِلَىٰ

589. *Dlamir* ing ngriki punika saged wangsul dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim utawi dhateng Kanjeng Nabi Suci Muhammad. Manawi wangsul dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim, dipun pèngetana bilih ambalik saking Kanjeng Nabi sami kémawon kaliyan ambalik saking Kanjeng Nabi Ibrahim, jalaran panjenenganipun punika pandhèrèking agami Ibrahim ingkang setya tuhu.

590. Pratélan makaten punika mengku teges siksa ingkang terus-terusan, (Rz), gathukipun kaliyan ngibarat latu.

591. Tembungipun ingkang asli ظِلًّا ظَلِيلًا saking tembung *dzilli* tegesipun *ayang-ayangan.* Nanging miturut Wahidi, *dzill* miturut bangsa Arab punika mengku teges *kabegjan* (Rz); saha miturut Rgh *dzill* punika mengku teges *kamulyan* lan *kajen kèringan* tuwin ugi ateges *kawontenan sakéca.* Sarta miturut Panjenenganipun ugi ing ngriki tetembungan punika ngibarati *gesang ingkang sakéca lan nyenengaken.*

592. Manawi lalampahan sabibaripun bedhah nagari Makkah, inggih punika Kanjeng Nabi Suci maringaken wangsul kuncining Ka'bah dhateng 'Utsman, juru-kunci ingkang sakawit punika wonten sasambetanipun kaliyan ayat punika, punika lajeng saged suka gagambaran tegesipun ingkang sajati ayat punika. Dhawuh punika boten namung mengku suraos tiyang katitipan arta kedah mangsulaken dhateng ingkang gadhah kémawon, nanging ugi mengku suraos tiyang ingkang katitipan prakawising pepréntahan kedah mangsulaken dhateng tiyang ingkang pantes nyepeng pepréntahan wau kalayan punapa mesthinipun. Dhawuh sambetipun inggih punika ingkang andhawuhaken juru-hukum kedah adil, punika ngiyataken teges punika. Sagemblenging ayat punika nerangaken kawajibanipun "ingkang dipun paréntah" dhateng "ingkang maréntah" lan kawajibanipun "ingkang maréntah" dhateng "ingkang dipun paréntah." Manawi dipun suraos kalayan walaka, dhawuh punika mintonaken piwulang Islam

sing pantes anampani, lan samangsa sira anibakaké bebeneran antaraning para manusa ingandikakaké kalawan adil; sayekti Allah iku amituturi sira kalawan apa kang linuhung; sayekti Allah iku Amiyarsa, Amirsani.

أَهْلِهَا ۙ وَإِذَا حَكَمْتُمْ بَيْنَ النَّاسِ أَنْ
تَحْكُمُوا بِالْعَدْلِ ۚ إِنَّ اللَّهَ نِعِمَّا يَعِظُكُمْ
بِهِ ۗ إِنَّ اللَّهَ كَانَ سَمِيعًا بَصِيرًا ﴿٥٨﴾

59 É, para kang padha angèstu! Padha ambangun-turuta ing Allah lan padha ambangun-turuta ing Utusan sarta kang nyekel papréntahan saka ing antaranira; lah, manawa sira padha pasulayan ing dalem sawijining prakara, iku iya balèkna marang Allah lan Utusan, yèn ta sira iku padha angèstu ing Allah lan dina akhir;[593] iki luwih prayoga sarta wusanané luwih déning becik.[594]

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا أَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا
الرَّسُولَ وَأُولِي الْأَمْرِ مِنْكُمْ ۖ فَإِنْ
تَنَازَعْتُمْ فِي شَيْءٍ فَرُدُّوهُ إِلَى اللَّهِ وَالرَّسُولِ
إِنْ كُنْتُمْ تُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ ۚ
ذَٰلِكَ خَيْرٌ وَأَحْسَنُ تَأْوِيلًا ﴿٥٩﴾

RUKU' 9

Para lamis boten purun anampeni Pancasanipun Kanjeng Nabi

60-64. Tumiyungipun para lamis dhateng sétan. 65. Pancasanipun Kanjeng Nabi

---

ingkang sakalangkung wiyar, inggih punika wigatos andhawuhaken dhateng pandhèrèkipun supados sami nuhoni titipan, boten mawi kapilah-pilahaken lalayanan kaliyan tiyang agami punapa kémawon lan bangsa punapa kémawon.

593. Dhawuh punika masang tatanan wigatos ingkang mangka tuntunan tumrap para Muslimin. Tumrap titiyang Muslim sajati, panguwaosipun Allah lan Utusan-Ipun, punika wonten ing sanginggilipun sarupaning panguwaos; éwadéné para ingkang sami nyepeng panguwaos punika ugi kedah dipun bangun turut. Kalebet ugi èwonipun *ingkang sami nyepeng panguwaos* wau, inggih punika para ingkang sami nyepeng papréntahaning nagari sanajan nganggé agami sanès, kados déné tuladha ingkang kapintonaken déning Kanjeng Nabi Suci nalika sasambetan kaliyan kerajan Nasrani ing Habasyah. Tembung *ulu-l-amri*, utawi *kang nyekel pangawasa*, punika mengku teges ingkang wiyar, ngantos ing dalem prakawis punapa kémawon ingkang magepokan kaliyan gesangipun manusa, saged tiyang punika dados ingkang nyepeng panguwaos. Tembung wau ugi ateges para panuntunipun agami para Muslimin, nanging miturut dhawuh ingkang mungel: *lah manawa sira padha pasulayan ing dalem sawijining prakara, iku ya balèkna marang Allah lan Utusan,* manawi para panuntun agami wau nulayani piwulangipun Quran Suci, piyambakipun kedah boten dipun turut. Déné wangsul dhateng Allah tuwin Utusan tumrapipun manawi wonten prakawis pasulayan utawi pabenan, punika ingkang dipun karsakaken wangsul dhateng wawarahipun Quran Suci tuwin pangandika lan tindakipun kanjeng Nabi Suci.

594. Tembung *ta'wil* (saking tembung *âla* tegesipun *bali*) punika lingganing tembung اوله اليه tegesipun: *ambalikaké marang dhèwèké*, awit saking punika kanggènipun tembung wau ingkang kalayan nyrambahi ateges *merdèni* jalaran werdi wau wangsul dhateng suraosipun ingkang dipun werdèni. Nanging ugi saking teges ingkang asli: *bali*, punika ugi lajeng gadhah teges malih *marja',* ingkang jawinipun *kawusanan* tuwin *'aqibat* ingkang jawinipun: *angsal-angsalan*, *kawusanan*, *woh* (Rz, Bd-LL). Lan inggih teges punika cèples kaliyan suraosing dhawuh punika.

kedah dipun tampèni. 66-70. Ambangun-turut dhateng Gusti Allah sarta Kanjeng Nabi punika badhé ageng ganjaranipun.

60 Apa sira ora andeleng marang para kang padha angaku yèn padha angèstu marang apa kang kadhawuhaké marang sira sarta apa kang kadhawuhaké ing sadurungira? Dhèwèké padha duwé karep *anjaluk bebeneran* marang sétan,[595] sanajan wis padha didhawuhi, iki ingandikakaké angafiri, lan si sétan duwé karep arep anasaraké dhèwèké kalawan sasar kang adoh.

Ar. *padha gugat ginugat*

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ يَزْعُمُونَ أَنَّهُمْ آمَنُوا بِمَا
أُنْزِلَ إِلَيْكَ وَمَا أُنْزِلَ مِنْ قَبْلِكَ يُرِيدُونَ
أَنْ يَتَحَاكَمُوا إِلَى الطَّاغُوتِ وَقَدْ أُمِرُوا
أَنْ يَكْفُرُوا بِهِ وَيُرِيدُ الشَّيْطَانُ أَنْ
يُضِلَّهُمْ ضَلَالًا بَعِيدًا ٦٠

61 Lan samangsané padha dicalathoni: Ayo padha tumekaa marang apa sing kadhawuhaké déning Allah lan marang Utusan, sira bakal weruh para lamis padha maléngos saka ing sira kalawan *pamalèngos kang abanget.*

Ut. *sumengit*

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ تَعَالَوْا إِلَى مَا أَنْزَلَ اللَّهُ
وَإِلَى الرَّسُولِ رَأَيْتَ الْمُنَافِقِينَ يَصُدُّونَ
عَنْكَ صُدُودًا ٦١

62 Nanging kapriyé manawa babaya anibani dhèwèké, amarga saka panggawéné tangan-tangané kang dhisik-dhisik? Tumuli padha anekani sira, kalawan sumpah dhemi Allah: Kajeng kula boten sanès kajawi saé sarta pirukun.

فَكَيْفَ إِذَا أَصَابَتْهُمْ مُصِيبَةٌ بِمَا قَدَّمَتْ
أَيْدِيهِمْ ثُمَّ جَاءُوكَ يَحْلِفُونَ بِاللَّهِ
إِنْ أَرَدْنَا إِلَّا إِحْسَانًا وَتَوْفِيقًا ٦٢

63 Iki para kang apa sing ana ing sajroning ati-atiné, Allah anguningani; mulané padha singkirana lan padha tuturana sarta padha kandanana prakara awaké kalawan tembung kang mranani.[596]

أُولَئِكَ الَّذِينَ يَعْلَمُ اللَّهُ مَا فِي قُلُوبِهِمْ
فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ وَعِظْهُمْ وَقُلْ لَهُمْ فِي
أَنْفُسِهِمْ قَوْلًا بَلِيغًا ٦٣

595. Kacariyos ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika Ka'b, anakipun Asyraf, tiyang Yahudi. Wonten malih ingkang mastani bilih ingkang dipun karsakaken punika Abu Barda, tukang pethèk, sanèsipun malih mastani bilih *thâgût* ing ngriki punika satunggaling *brahala* ingkang tartamtu utawi sadhéngah brahala ingkang dipun anggé mancasi pasulayan sarana pethèk (Rz). Menggah ing sajatos-jatosipun sadaya wau sampun kawengku wonten ing tembungipun asli. Para lamis manahipun sami tumiyung dhateng brahala utawi dhateng para tukang pethèkipun, sarta para tukang pethèk wau sinebut sétan, amargi sami dados panuntuning nembah sétan.

596. Tiyang winastan *balig* manawi piyambakipun punika *ceta wicaranipun* utawi *mranani* utawi *patitis pakecapanipun* (saking tembung *balag-a*, jawinipun tumeka ing bantosing barang kang sinedya)

64 Anggon-Ingsun angutus Utusan iku ora liya kajaba supaya dienut kalawan idining Allah; lan saupama dhèwèké iku nalikané padha atindak dudu marang awaké dhéwé anekani sira, banjur nyuwun pangapura ing Allah sarta Utusan (iya) anyuwunaké pangapura dhèwèké, amasthi padha katemu nyatané, (yèn) Allah iku tansah awongsal-wangsul (wilasa-Né), Mahaasih.

وَمَآ أَرْسَلْنَا مِن رَّسُولٍ إِلَّا لِيُطَاعَ بِإِذْنِ
اللَّهِ ۚ وَلَوْ أَنَّهُمْ إِذ ظَّلَمُوٓا أَنفُسَهُمْ جَآءُوكَ
فَاسْتَغْفَرُوا اللَّهَ وَاسْتَغْفَرَ لَهُمُ الرَّسُولُ
لَوَجَدُوا اللَّهَ تَوَّابًا رَّحِيمًا ﴿٦٤﴾

Ar. *jiwané*

65 Nanging ora! dhemi Pangéranira, (sanyatané) dhèwèké iku padha ora angèstu nganti tumekané dhèwèké padha anetepaké sira dadi juru nibakaké bebeneran ing dalem prakara kang dadi sulaya antarané awaké, tumuli ing *atiné* ora ana rupeké tumrap pancasanira sarta padha manut kalawan sumarah.

فَلَا وَرَبِّكَ لَا يُؤْمِنُونَ حَتَّىٰ يُحَكِّمُوكَ
فِيمَا شَجَرَ بَيْنَهُمْ ثُمَّ لَا يَجِدُوا فِيٓ أَنفُسِهِمْ
حَرَجًا مِّمَّا قَضَيْتَ وَيُسَلِّمُوا تَسْلِيمًا ﴿٦٥﴾

Ar. *patèna-na*

66 Lan manawa Ingsun anetepana wajib marang dhèwèké: Padha *tohna* jiwanira[597] utawa lungaa saka ing nagaranira, iku ora bakal padha anindakaké, kajaba ana sathithik; lan saupama dhèwèké padha anindakna apa kang dipituturaké marang dhèwèké, amasthi luwih becik awaké sarta anetepaké bangeting kukuhé;

وَلَوْ أَنَّا كَتَبْنَا عَلَيْهِمْ أَنِ اقْتُلُوٓا أَنفُسَكُمْ
أَوِ اخْرُجُوا مِن دِيَارِكُم مَّا فَعَلُوهُ إِلَّا قَلِيلٌ
مِّنْهُمْ ۖ وَلَوْ أَنَّهُمْ فَعَلُوا مَا يُوعَظُونَ بِهِ
لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ وَأَشَدَّ تَثْبِيتًا ﴿٦٦﴾

Déné manawi kanggé mastani ginem tembung wau ateges *ginem ingkang mranani utawi ginem ingkang saged nabeti* (Msb, Bd-LL). Tembung في أنفسهم ing ngriki saged dipun tegesi warni tiga. (1) قولا موثرا في قلوبهم jawinipun: *ginem ingkang nabeti wonten ing manahipun*; (2) في شأن انفسهم *ing bab prakawisipun*; (3) خاليا بهم *manawi piyambakan kaliyan piyambakipun* (Rz), *balîg* ugi ateges: *sanget, ngrekaosaken* (LL), sarta tumrap para lamis tetembungan "ingkang sanget (pedes)," punika langkung saged tumama katimbang tembung ingkang alus-alus.

597. Para sahabatipun Kanjeng Nabi sami ngetohaken nyawanipun kanggé nglabuhi agaminipun, sarta karana nglabuhi agaminipun sami tilar griya-griyanipun. Nanging para lamis ing Madinah sami boten kadugi nandhang rekaos makaten punika margi saking ringkihing manahipun.

67 Lan amasthi tumuli padha Ingsun paringi ganjaran gedhé saka ing ngarsa-Ningsun dhéwé,

وَّاِذًا لَّاٰتَيْنٰهُمْ مِّنْ لَّدُنَّآ اَجْرًا عَظِيْمًا ﴿٦٧﴾

68 Sarta amasthi padha Ingsun tuntun ing dalan kang bener.

وَّلَهَدَيْنٰهُمْ صِرَاطًا مُّسْتَقِيْمًا ﴿٦٨﴾

69 Lan sapa sing ambanguntūrut ing Allah lan Utusan, lah ya iki panunggalané para kang padha kaparingan nugraha déning Allah, kaya ta: para nabi, lan para wong temen, sarta para babanten tuwin para wong tulus, lan réwang kang becik banget iki.[598]

وَمَنْ يُّطِعِ اللّٰهَ وَالرَّسُوْلَ فَاُولٰٓئِكَ مَعَ
الَّذِيْنَ اَنْعَمَ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ مِّنَ النَّبِيّٖنَ
وَالصِّدِّيْقِيْنَ وَالشُّهَدَآءِ وَالصّٰلِحِيْنَ ۚ
وَحَسُنَ اُولٰٓئِكَ رَفِيْقًا ﴿٦٩﴾

70 Iki lubèring kadarman saka ing Allah, lan wis cukup Allah (piyambak) Ingkang-Anguningani.

ذٰلِكَ الْفَضْلُ مِنَ اللّٰهِ ۗ وَكَفٰى بِاللّٰهِ عَلِيْمًا ﴿٧٠﴾

RUKU' 10

Para angèstu kedah sami lumawan anjagi dhiri

71. Para angèstu kedah tetep angatos-atos. 72, 73. Para ingkang sami kantun. 74-76. Prakawisipun Allah sarta prakawisipun sétan.

598. Kapangandikakaken bilih tiyang ingkang sami kaparingan nugraha déning Allah punika wonten sekawan tataran: (1) Para nabi. (2) Para tiyang temen; tembungipun ingkang asli *siddîq*, ingkang wantahipun ateges: *tiyang ingkang tansah temen,* sarta miturut basanipun agami teges: *Tiyang ingkang temen wicantenipun tuwin imanipun, saha ingkang ngiyataken katemenanipun wau kalayan tindak lan pandamelipun* (TA-LL). (3) Para susetya; tembungipun ingkang asli, *syahîd* punika boten mesthi ateges tiyang ingkang pejah dados babanten utawi tiyang ingkang tiwas nalika perang nglabuhi agaminipun, wangsul ateges: tiyang ingkang neksèni ing kayektèning agaminipun Allah (Rz), inggih kalayan wicantenipun, inggih kalayan pandamelipun; déné mila tiyang ingkang pinejahan nalika nglabuhi agaminipun kagolong ing tataran punika, jalaran piyambakipun punika inggih suka bukti ing kayektèning agami sarana ngetohaken nyawanipun. (4) Para tiyang tulus. Dados para ingkang andhèrèk Kanjeng Nabi punika tampi nugraha saminipun ingkang kaparingaken dhateng para andika nabi, para temen, para susetya lan para tiyang tulus ing sadèrèng-dèrèngipun, sarta saking éwonipun nughraha wau ingkang linuhung piyambak inggih punika wahyuning Pangéran. Perlu dipun pèngeti bilih miturut piwulangipun Quran Suci ingkang sampun terang gamblang, boten wonten nabi malih ingkang kautus ing sapengkeripun Kanjeng Nabi Suci jalaran tumrap ingkang sampurna punika sampun kamot wonten ing dalem Quran Suci dados wontenipun nabi ingggih sampun boten kabetahaken malih. Miturut hadits pangandikanipun Nabi Suci, wahyu ingkang kaparingaken dhateng para tiyang tulus punika winastan *mubasysyirât*; miturut riwayat makaten hadits pangandika nabi wau "Kanabian iku wis ora ana kekèrèné kajaba mung *mubasysyirât"* (Bkh). Dados *mubasysyirât (*ingkang wantahipun ateges: pawartos bibingah), punika piweca-piweca ingkang kaparingaken dhateng para tiyang tulus, ingkang angiyataken kayektèn agami Islam.

71 É, para kang padha angèstu, padha pasangen kaprayitnanira, mulané padha mangsaha sagolongan-sagolongan utawa mangsaha bareng kabèh.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ خُذُوا۟ حِذْرَكُمْ فَٱنفِرُوا۟
ثُبَاتٍ أَوِ ٱنفِرُوا۟ جَمِيعًا ﴿٧١﴾

72 Lan sayekti sawenèhira ana kang pancèn angèrèni! Lah manawa babaya angenani sira, angucap: Temen Allah wus aparing nugraha marang aku, déné aku ora teka ambarengi dhèwèké.

وَإِنَّ مِنكُمْ لَمَن لَّيُبَطِّئَنَّ فَإِنْ أَصَٰبَتْكُم
مُّصِيبَةٌ قَالَ قَدْ أَنْعَمَ ٱللَّهُ عَلَىَّ إِذْ لَمْ
أَكُن مَّعَهُمْ شَهِيدًا ﴿٧٢﴾

73 Lan manawa lubèring kadarman saka ing Allah anekani sira, masthi bakal angucap, sajaké antaranira karo *dhèwèké* kaya ora ana sambunging sih katresnan: O, mungguh aku ambarengana dhèwèké, amasthi aku bakal éntuk olèh-olèhan gedhé.

Ar. *antarané dhèwèké*

وَلَئِنْ أَصَٰبَكُمْ فَضْلٌ مِّنَ ٱللَّهِ لَيَقُولَنَّ
كَأَن لَّمْ تَكُنۢ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُۥ مَوَدَّةٌ يَٰلَيْتَنِى
كُنتُ مَعَهُمْ فَأَفُوزَ فَوْزًا عَظِيمًا ﴿٧٣﴾

74 Mulané padha peranga ing dadalaning Allah para kang padha angedol kauripan donya iki *mamrih* akhirat; lan sapa sing perang ing dadalaning Allah, apa banjur kapatènan apa menang, iku masthi bakal Ingsun paringi pituwas kang agung.

Ar. *kalawan*

فَلْيُقَٰتِلْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ ٱلَّذِينَ يَشْرُونَ
ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا بِٱلْءَاخِرَةِ ۚ وَمَن يُقَٰتِلْ
فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ فَيُقْتَلْ أَوْ يَغْلِبْ فَسَوْفَ
نُؤْتِيهِ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿٧٤﴾

75 Lan apa ta karananira sira padha ora perang ing dadalaning Allah lan (dadalané) wong-wong lanang lan wong-wong wadon sarta bocah-bocah kang padha apes, kang padha munjuk: Pangéran kawula! mugi kawula Tuwan wedalaken saking nagari punika, (nagari) ingkang tiyangipun para anganiaya, saha mugi Tuwan aparing dhateng kawula pangayoman saking ngarsa Tuwan, punapa déné mugi Tuwan aparing dhateng

وَمَا لَكُمْ لَا تُقَٰتِلُونَ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ
وَٱلْمُسْتَضْعَفِينَ مِنَ ٱلرِّجَالِ وَٱلنِّسَآءِ
وَٱلْوِلْدَٰنِ ٱلَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَآ أَخْرِجْنَا
مِنْ هَٰذِهِ ٱلْقَرْيَةِ ٱلظَّالِمِ أَهْلُهَا
وَٱجْعَل لَّنَا مِن لَّدُنكَ وَلِيًّا وَٱجْعَل

kawula panulung saking ngarsa Tuwan.[599]

لَّنَا مِن لَّدُنكَ نَصِيرًا ﴿٧٥﴾

76 Para kang padha angèstu iku padha perang ing dadalaning Allah, lan para kang padha kafir iku padha perang ing dadalaning sétan. Mulané padha peranga lumawan para mitraning sétan; sayekti upayaning sétan iku apes.[600]

الَّذِينَ آمَنُوا يُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ ۖ
وَالَّذِينَ كَفَرُوا يُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِ
الطَّاغُوتِ فَقَاتِلُوا أَوْلِيَاءَ الشَّيْطَانِ ۖ إِنَّ
كَيْدَ الشَّيْطَانِ كَانَ ضَعِيفًا ﴿٧٦﴾

RUKU' 11

Sikepipun para lamis dhateng para angèstu

77-80. Para lamis boten purun dipun dhawuhi majeng perang. 81, 82. Parepatanipun ingkang winados. 83. Sami anyebaraken pawartos goroh. 84. Kanjeng Nabi dhinawuhan perang sanajan ijèn. 85-87. Réncang-réncang dhateng pandamel saé punika dipun prayogèkaken.

77 Apa sira ora andeleng marang para kang padha didhawuhi: Lèrèna tangan-tanganmu lan anjumenengna salat sarta ambayara zakat; nanging samangsa perang ditetepaké wajib ingatasé dhèwèké, lah ing kono, ana sing sapantha wedi marang manusa kaya kuduné wediné maring Allah, utawa malah kapara banget ing wedi, tuwin padha munjuk: Pangéran kawula, punapaa déné Tuwan anetepaken wajib perang tumrap dhateng kawula? Punapaa kawula boten Tuwan sumenèkaken sakedhap

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ قِيلَ لَهُمْ كُفُّوا أَيْدِيَكُمْ
وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَآتُوا الزَّكَاةَ فَلَمَّا
كُتِبَ عَلَيْهِمُ الْقِتَالُ إِذَا فَرِيقٌ مِّنْهُمْ
يَخْشَوْنَ النَّاسَ كَخَشْيَةِ اللَّهِ أَوْ أَشَدَّ
خَشْيَةً ۚ وَقَالُوا رَبَّنَا لِمَ كَتَبْتَ عَلَيْنَا
الْقِتَالَ لَوْلَا أَخَّرْتَنَا إِلَىٰ أَجَلٍ قَرِيبٍ ۗ

599. Ayat punika nerangaken punapa tegesipun perang ing marginipun Allah punika. Nalika para angèstu ingkang kacekapan sarananipun sami lumajeng saking Makkah, ingkang ing ngriki kapangandikakaken: *nagari ingkang tiyangipun panganiaya,* para ingkang ringkih lan boten saged késah sami lestantun dudunung wonten ing Makkah. Kados déné ingkang katerangaken ing dhawuhing ayat punika, para titiyang wau dipun kaniaya lan dipun plinder déning titiyang Makkah. Boten namung titiyang jaler kémawon ingkang dados lésaning panganiaya wau, nanging dalasan tiyang èstri, malah inggih laré alit punapa, ugi dipun kaniaya. Perang perlu badhé nguwalaken sadaya wau saking panganiayanipun para ingkang nganiaya, punika menggah ing sajatos-jatosipun perang ing marginipun Allah. Ayat candhakipun nedahaken bilih inggih para tukang nganiaya punika, ingkang kapangandikakaken sami perang ing marginipun sétan wau.

600. Punika piweca bilih para ingkang tumut kalayan sétan sarta merangi Kanjeng Nabi, wekasanipun mesthi kawon.

Ut. *kabutuhan*
Ut. *sadhéla*
Ar. *sasiliring wiji kurma baé ora*

malih?[601] Calathua: *Kabungahan* ing donya iku *sapélé*, sarta akhirat iku luwih becik tumrapé wong kang bekti, lan sira *ora pisan-pisan* bakal kataman ing panggawé dudu.

قُلْ مَتَاعُ الدُّنْيَا قَلِيلٌ ۚ وَالْآخِرَةُ خَيْرٌ لِّمَنِ اتَّقَىٰ وَلَا تُظْلَمُونَ فَتِيلًا ٧٧

78 Ana ing ngendi-endia manggonira, pati iku bakal tumeka ing sira, sanajan sira padha ana ing gedhong dhuwur. Lan manawa katekan becik, padha acalathu: Iki saka ngarsaning Allah; lan manawa katekan ala, padha calathu: Iki saka kowé. Calathua: Kabèh iku saka ngarsaning Allah; ananging ana apa ta wong-wong iki, déné prasasat padha ora ngerti *apa kang kadhawuhaké (marang dhèwèké)?*

Ar. *pangandika*

أَيْنَ مَا تَكُونُوا يُدْرِككُّمُ الْمَوْتُ وَلَوْ كُنتُمْ فِي بُرُوجٍ مُّشَيَّدَةٍ ۗ وَإِن تُصِبْهُمْ حَسَنَةٌ يَقُولُوا هَٰذِهِ مِنْ عِندِ اللَّهِ ۖ وَإِن تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌ يَقُولُوا هَٰذِهِ مِنْ عِندِكَ ۚ قُلْ كُلٌّ مِّنْ عِندِ اللَّهِ ۖ فَمَالِ هَٰؤُلَاءِ الْقَوْمِ لَا يَكَادُونَ يَفْقَهُونَ حَدِيثًا ٧٨

79 Sabarang becik kang tumeka ing sira (o, manusa!), lah iku saka ing Allah, lan sabarang ala kang tumeka ing sira, lah iku saka ing sira dhéwé;[602] lan Ingsun angutus ing sira (o, Nabi)! marang kamanusan minangka Utusan; lan wis cukup Allah iku minangka Saksi.

مَّا أَصَابَكَ مِنْ حَسَنَةٍ فَمِنَ اللَّهِ ۖ وَمَا أَصَابَكَ مِن سَيِّئَةٍ فَمِن نَّفْسِكَ ۚ وَأَرْسَلْنَاكَ لِلنَّاسِ رَسُولًا ۚ وَكَفَىٰ بِاللَّهِ شَهِيدًا ٧٩

601. Ayat punika ugi kénging kanggé bukti ingkang terang, ingkang nélakaken dhawuh ingkang andhawuhaken perang punika dipun raos boten nyenengaken, langkung-langkung tumrap para ingkang ringkih imanipun. Saupami ingkang nanangi manahipun prajurit Muslimin punika mélik angsal jarahan, para ingkang sakalangkung remenipun dhateng donya (ingkang ing ngriki winastan para lamis), punika mesthi wonten ing ngajeng piyambak perangipun. Suparandéné boten makaten; para titiyang wau rèhning sami mangertos bilih peperangan punika lumawan wadyabala ingkang tikel-matikel kathahipun, mila lajeng sami gadhah panganggep, manawi dhawuh punika katindakaken saèstu sami kémawon nemaha murugi pejah, awit saking punika lajeng sami nyuwun dipun paringi sumené rumiyin, supados manawi pejah, pejahipun punika pejah limrah.

602. Awon lan saé, utawi beja-cilaka, punika aslinipun saking Allah. Panjenenganipun maringaken kabegjan saking ngarsa-Nipun pribadi, inggih punika tuwuh saking Mahamurah-Ipun, nanging tumrapipun piawon utawi kacilakan, punika dhumawahipun ing manusa manawi tanganipun manusa piyambak ingkang murugaken. Katrangan warni kalih inggih punika satunggal ingkang kasebut wonten ing wekasaning ayat ingkang sampun – *calathua, kabèh iku saka ngarsaning Allah* – satunggalipun ingkang kasebut ing ayat punika, punika boten acecengkahan. Ayat ingkang sampun nerangaken bilih para lamis sami mastani kacilakan ingkang kasandhang punika Kanjeng Nabi ingkang murugaken. Lah para titiyang wau lajeng sami kapangandikan bilih kacilakan punika Allah ingkang maringaken. Déné ayat punika andhawuhaken dhateng para titiyang wau: sanajan Allah ingkang maringaken, éwadéné sabab ingkang celak piyambak, ingkang nyababaken dhawahing kacilakan, punika pandamelipun piyambak.

80 Sapa sing ambangun-turut ing Utusan, lah sajatiné iku ambangun-turut ing Allah; lan sapa sing maléngos, lah anggon-Ingsun angutus ing sira iku ora minangka juru-ngreksa dhèwèké.

مَنْ يُّطِعِ الرَّسُوْلَ فَقَدْ اَطَاعَ اللّٰهَ ۚ وَمَنْ
تَوَلّٰى فَمَآ اَرْسَلْنٰكَ عَلَيْهِمْ حَفِيْظًا ؕ ﴿٨٠﴾

81 Lan dhèwèké padha acalathu: Pambangun-turut. Ananging bareng wis padha metu saka ing ngarepira, sing sapantha, ing wengi anetepaké tumindak dudu kang sira dhawuhaké;[603] lan Allah iku anyerati apa kang ditetepaké ing wengi, mulané padha singkirana lan sumendhéa marang Allah, lan wis cukup Allah iku minangka *Pangayoman.*

Ut. *sendhéan*

وَيَقُوْلُوْنَ طَاعَةٌ ۫ فَاِذَا بَرَزُوْا مِنْ عِنْدِكَ
بَيَّتَ طَآئِفَةٌ مِّنْهُمْ غَيْرَ الَّذِيْ تَقُوْلُ ۚ وَاللّٰهُ
يَكْتُبُ مَا يُبَيِّتُوْنَ ۚ فَاَعْرِضْ عَنْهُمْ وَتَوَكَّلْ
عَلَى اللّٰهِ ؕ وَكَفٰى بِاللّٰهِ وَكِيْلًا ﴿٨١﴾

82 Lah apa ta padha ora meleng marang Quran? Lan saupama saka saliyané Allah, amasthi dhèwèké padha mrangguli pasulayan sapirang-pirang ana ing sajeroné.[604]

اَفَلَا يَتَدَبَّرُوْنَ الْقُرْاٰنَ ؕ وَلَوْ كَانَ مِنْ
عِنْدِ غَيْرِ اللّٰهِ لَوَجَدُوْا فِيْهِ اخْتِلَافًا كَثِيْرًا ﴿٨٢﴾

603. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika parepatanipun winados para tiyang lamis, inggih punika ingkang tansah damel upaya badhé nangsaya ing Kanjeng Nabi, sanajan ing lair sami api-api ambangun turut dhateng panjenenganipun.

604. Quran punika anggènipun dipun serati tuwin anggènipun dipun paringaken boten sapisan rampung, nanging tumurun saking sakedhik ing salebeting wekdal tigalikur taun, inggih punika manut éwah-éwahing kawontenan. Kanjeng Nabi punika wiwit nalika dados tiyang ingkang remen miyambak wonten ing guwa Hira', ngantos dumuginipun dados ratu gung binathara tuwin dados tiyang ingkang anjumenengaken angger-angger ing saindhenging tanah Arab, ngalami kawontenan ingkang warni-warni sanget, ngantos boten wonten janma manusa satunggal kémawon ingkang gesangipun kénging kita anggé conto ingkang warni-warni kados sugengipun Kanjeng Nabi wau. Klèntu sanget manawi kakinten bilih surat-surat ingkang tumurun ing Makkah punika wonten bédanipun kaliyan surat-surat ingkang tumurun ing Madinah, kajawi ta béda ingkang kabekta awit saking ngrembag prakawis warni-warni ingkang magepokan kaliyan kawontenan ingkang tansah éwah gingsir punika. Leres, wahyu ingkang sepuh-sepuh punika ingkang kathah ngrembag prakawis-prakawis kados bab kasawijènipun Pangéran tuwin Kaluhuranipun Pangéran punapa déné bab tanggel-jawabipun manusa umumipun tumrap sadaya pandamelipun, déné wahyu ingkang tumurun kantun ngrembag prakawis warni-warni ingkang magepokan kaliyan kawilujenganipun babrayan, inggih menggahing gesang sasrawunganipun, inggih menggahing budipakertinipun. Sanajan makatena, sagemblenging wahyu punika leregipun namung satunggal lan sami kémawon, inggih punika: sumarah ingkang ambabar pisani dhateng Allah, tawakkal utawi séséndhé ingkang ambabar pisani dhateng Panjenenganipun, kumandel ingkang saèstu dhateng kamenanganipun ing wekdal ingkang badhé dhateng, pananggep ingkang momot dhateng sagung para manusa, sikep berbudi bawalaksana dhateng sadaya bangsa lan sadaya agami, sarta saé dhateng sintena kémawon. Nges utawi Ruhing wahyu ingkang katurunaken dhateng Kanjeng Nabi nalika taksih mumulang wonten ing Makkah, nalika taksih piyambakan, kinaniaya sarta tinampik, ing

83 Lan manawa ana *pawarta* tumeka marang dhèwèké: aman utawa nguwatiri, disebar-sebaraké; lan manawa iki diaturaké marang Utusan lan marang kang nyekel papréntahan saka ing antarané, amasthi sawenèhé, sing padha bisa nastitèkaké iki, bakal wis padha weruh; lan saupama oraa ana lubèring kadarmané Allah sarta wilasa-Né, amasthi sira bakal padha manut marang sétan, kajaba sathithik (kang ora).[605]

Ar. *prakara*

وَإِذَا جَآءَهُمْ أَمْرٌ مِّنَ الْأَمْنِ أَوِ الْخَوْفِ
أَذَاعُوا بِهِۦ ۖ وَلَوْ رَدُّوهُ إِلَى الرَّسُولِ وَإِلَىٰٓ
أُولِي الْأَمْرِ مِنْهُمْ لَعَلِمَهُ الَّذِينَ يَسْتَنۢبِطُونَهُۥ
مِنْهُمْ ۗ وَلَوْلَا فَضْلُ اللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُۥ
لَاتَّبَعْتُمُ الشَّيْطَٰنَ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٨٣﴾

84 Mulané sira peranga ing dadalaning Allah: ora liya kang kajibah iku kajaba awakira dhéwé; sarta ananangia para angèstu; manawa-manawa Allah ameperaké perangé wong kafir, lan Allah iku luwih abanget ing kawanèn sarta luwih abanget ing pidana.[606]

فَقَٰتِلْ فِي سَبِيلِ اللَّهِ لَا تُكَلَّفُ إِلَّا
نَفْسَكَ ۚ وَحَرِّضِ الْمُؤْمِنِينَ ۖ عَسَى اللَّهُ أَن
يَكُفَّ بَأْسَ الَّذِينَ كَفَرُوا ۚ وَاللَّهُ أَشَدُّ
بَأْسًا وَأَشَدُّ تَنكِيلًا ﴿٨٤﴾

85 Sapa sing réwang-réwang (ing liyan) ing dalem panggawé becik, bakal olèh panduman sapé-

مَن يَشْفَعْ شَفَٰعَةً حَسَنَةً يَكُن لَّهُۥ نَصِيبٌ

---

bab prakawis punika wau sadaya tuwin ing bab prakawis sanès-sanèsipun malih kathah sanget, boten wonten bédanipun kaliyan wahyu ingkang tumurun dhateng Kanjeng Nabi nalika panjenenganipun sampun dados ratu dunyawi lan ratu ruhani gung binathara anyakrawati ing saindhenging tanah Arab. Dalasan ririciканipun cicriyosan, boten wonten ingkang cecengkahan – upaminipun kémawon kados wonten ingkang pinanggih wonten ing dalem kitab-kitab Injil – langkung-langkung ingkang tumrap piweca-piweca ingkang kawecakaken ing kalaning panjenenganipun taksih ringkih sanget. Saupami sadaya wau sanès asli saking Dhat Ingkang-Mahawikan, inggih punika ingkang anguningani prakawis ingkang badhé kelampahan lan ingkang sampun kelampahan, yekti sadaya wau wonten ingkang acecengakahan.

605. Lubèring kadarmanipun Pangéran tuwin sih-wilasa-Nipun, punika kawedharaken déning Allah sarana anggè-Nipun anjumenengaken satunggaling nabi, ingkang saged nguwalaken para titiyang wau saking pambelenggunipun dosa tuwin saking pangawulaning sétan.

606. Dhawuh punika nedahaken sapinten agengipun kumandelipun kanjeng Nabi dhateng badhé menangipun ingkang wekasan pakaryan minulya ingkang kajibahaken dhateng panjenenganipun. Kawajiban ambélani Islam ingkang sakawit, kajibahaken dhateng panjenenganipun piyambakan, kathik mengsahipun tiyang satanah Arab; ingkang makaten punika nedahaken bilih panjenenganipun boten naté ngandelaken kawanteranipun para pandhèrèkipun, wangsul kumandelipun ngemungaken mligi lalandhesan pitulunging Pangéran. Sarta malih, kalayan tanpa kagungan sadaya barang-barang ingkang kénging winastan pantes, panjenenganipun yakin bilih badhé saged nulak perangipun mengsah ingkang sakalangkung kiyat punapa déné yakin bilih panjenenganipun badhé kawasa andhawahaken pidana samurwatipun dhateng para mengsah wau.

ranganė, lan sapa sing réwang-réwang (ing liyan) ing dalem panggawé ala, bakal duwé tanggungan sapéranganė; lan Allah iku kang amisésa ing samubarang.[607]

مِّنْهَا ۖ وَمَن يَشْفَعْ شَفَاعَةً سَيِّئَةً يَكُن لَّهُ كِفْلٌ مِّنْهَا ۗ وَكَانَ اللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ مُّقِيتًا ﴿٨٥﴾

86 Lan manawa sira dikurmati kalawan pakurmatan, lah kurmata kalawan (pakurmatan) kang luwih becik tinimbang iku, utawa mangsulana padha karo iku; sayekti Allah iku marang samubarang angétang.[608]

وَإِذَا حُيِّيتُم بِتَحِيَّةٍ فَحَيُّوا بِأَحْسَنَ مِنْهَا أَوْ رُدُّوهَا ۗ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ حَسِيبًا ﴿٨٦﴾

87 Allah, ora ana sesembahan kajaba Panjenenganė; sayekti Panjenenganė temen bakal angimpun sira kabèh ing dina kiyamat, wis ora ana semangé ing dalem (prakara) iki; lan sapa ta sing luwih temen ing pangucap tinimbang Allah?

اللَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۚ لَيَجْمَعَنَّكُمْ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ لَا رَيْبَ فِيهِ ۗ وَمَنْ أَصْدَقُ مِنَ اللَّهِ حَدِيثًا ﴿٨٧﴾

RUKU' 12

Kados pundi garapipun dhateng para lamis

88-91. Para lamis karengkuh mengsah kajawi manawi kèndel anggènipun merangi.

88 Lah ana apa ta sira iku déné dadi rong golongan ing dalem (prakaranė) para lamis, ing mangka Allah ambalèkaké dhèwèké (marang kakafiran) amarga saka panggawé-panggawéné? Apa ta sira padha arep nuntun wong kang

فَمَا لَكُمْ فِي الْمُنَافِقِينَ فِئَتَيْنِ وَاللَّهُ أَرْكَسَهُم بِمَا كَسَبُوا ۚ أَتُرِيدُونَ أَن تَهْدُوا

607. Pangandika punika dipun terangaken déning Rgh makaten tegesipun: sapa sing réwang-réwang marang liyan lan mitulungi dhèwèké lan dadi rakitané utawa pambélané ing nalika nindakaké kabecikan utawa ala, banjur jeneng anulungi dhèwèké lan anguwataké dhèwèké, lah iku dadi sekuthon karo dhèwèké ing dalem pigunané lan pitunané. Sawenèh gadhah pamanggih bilih tembung syafa'ah ing ngriki punika mengku teges: "sawenèhing tiyang damel margi awon utawi margi saé, supados katiru déning tiyang sanès, dados piyambakipun punika kados déné dados rakitanipun makaten" (TA-LL). Déné gathukipun sampun terang, inggih punika: Kanjeng Nabi punika dados tepa-tuladha saé tumrap tiyang sanès, supados dipun tulad utawi dipun biyantu. Punapa tegesipun tembung syafa'ah sampun katerangaken ing katerangan angka 79.

608. Dhawuh punika mengku suraos umum. Éwadéné inggih kénging ugi ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika pakurmatan saking fihak mengsah karana nedha bedhami. Manawi

مَنْ اَضَلَّ اللّٰهُ ۗ وَمَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَلَنْ
تَجِدَ لَهٗ سَبِيْلًا ﴿٨٨﴾

wis kasasaraké déning Allah? Lan sapa sing wis kasasaraké déning Allah, amasthi ora bakal sira éntuk dalan tumrap dhèwèké.[609]

وَدُّوْا لَوْ تَكْفُرُوْنَ كَمَا كَفَرُوْا فَتَكُوْنُوْنَ سَوَآءً
فَلَا تَتَّخِذُوْا مِنْهُمْ اَوْلِيَآءَ حَتّٰى يُهَاجِرُوْا فِيْ
سَبِيْلِ اللّٰهِ ۗ فَاِنْ تَوَلَّوْا فَخُذُوْهُمْ وَاقْتُلُوْهُمْ
حَيْثُ وَجَدْتُّمُوْهُمْ ۖ وَلَا تَتَّخِذُوْا مِنْهُمْ
وَلِيًّا وَّلَا نَصِيْرًا ﴿٨٩﴾

89 Padha angajap-ajap supaya sira padha kafira kaya olèhé padha kafir, dadi sira kabèh banjur padha; mulané aja ana kang padha sira alap mitra nganti tumekané dhèwèké padha ngili (saka ing omahé) ing dadalaning Allah; ananging manawa padha maléngos, lah padha sira cekela lan padha sira patènana, ana ing ngendi baé katemunira karo dhèwèké, lan aja ana kang padha sira alap mitra *utawa* panulung.

Ar. *aja*

اِلَّا الَّذِيْنَ يَصِلُوْنَ اِلٰى قَوْمٍۢ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُمْ
مِّيْثَاقٌ اَوْ جَآءُوْكُمْ حَصِرَتْ صُدُوْرُهُمْ
اَنْ يُّقَاتِلُوْكُمْ اَوْ يُقَاتِلُوْا قَوْمَهُمْ ۗ وَلَوْ
شَآءَ اللّٰهُ لَسَلَّطَهُمْ عَلَيْكُمْ فَلَقٰتَلُوْكُمْ ۚ

90 Kajaba para kang padha lumebu marang golongan, kang aprajanjian karo sira, utawa tumeka marang sira, *amenggak atiné* amerangi sira, utawa amerangi golongané; lan saupama Allah iku angarsakna, amasthi aparing kakuwatan marang dhèwèké anglawan sira, banjur masthi amerangi sira;

Ar. *amring-kusaké dhadhané*

makaten para Muslimin inggih kedah purun dipun ajak bedhami, kados déné ingkang kadhawuhaken ing 8: 61 “Manawa dhèwèké padha tumiyung marang dhamé, lah sira iya tumiyunga mrono;” utawi pakurmatan saking tiyang ingkang dèrèng dipun wanuhi, inggih punika nadyan dèrèng genah punapa piyambakipun punika golonganipun mengsah punapa dédé, piyambakipun meksa kedah dipun rengkuh kadi déné mitra, manawi piyambakipun punika purun suka pakurmatan (uluk salam), kados déné ingkang kadhawuhaken wonten ing ayat 94 makaten: “lan aja padha calathu marang sapa kang anibakaké salam marang sira: Kowé iku dudu mukmin.”

609. Sampun cetha bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika para tiyang ingkang miyar-miyur, inggih punika ingkang sami wangsul dhateng kakafiran ing sasampunipun ngrasuk Islam, dadosipun lajeng anggolong malih dhateng para titiyang kafir. Déné titikanipun para titiyang wau, wonten pamanggih warni nenem, ingkang ing ngriki boten perlu kula aturaken. Déné dhawuh ingkang kasebutaken wonten ing wekasaning ayat punika, punika anggènipun nyuraos kedah mawi dipun cocogaken kaliyan dhawuh ingkang kasebut ing 2: 26, “Ananging ora diagem nasaraké (wong siji-sijia) kajaba wong kang padha murang yekti”. Dados dhawuh ingkang mungel: *wong kang wis kasasaraké déning Allah*, punika menggah ing sajatos-sajatosipun sami kaliyan: *wong kang padha murang yekti*, sarta salajengipun dhawuh ingkang mungel: *Apa ta sira padha arep nuntun wong kang wis kasasaraké déning Allah?”* punika sajatosipun sami kaliyan mungel makaten: *Apa ta sira padha arep nuntun wong kang padha murang yekti?* Para ingkang kalajeng-lajeng nerak dhawuhing Pangéran mesthi kémawon boten saged katuntun. Manawi purun ngèndeli anggènipun murang yekti, para titiyang makaten wau nama saweg angsal margi.

mulané manawa dhèwèké padha anyingkiri sira, dadi padha ora amerangi sira, sarta angacarani pirukun marang sira, amasthi Allah ora aparing dalan marang sira amituna dhèwèké.[610]

فَإِنِ اعْتَزَلُوكُمْ فَلَمْ يُقَاتِلُوكُمْ وَأَلْقَوْا
إِلَيْكُمُ السَّلَمَ فَمَا جَعَلَ اللَّهُ لَكُمْ
عَلَيْهِمْ سَبِيلًا ﴿٩٠﴾

91 Sira bakal padha kepranggul liyané, kang kapéngin aman kalawan sira sarta aman kalawan golongané; saben-saben padha bali marang piala, saya kablebek ana ing kono;[611] mulané manawa dhèwèké padha ora anyingkiri sira sarta ora angacarani pirukun marang sira apa déné ora anglèrènaké tangan-tangané, lah padha sira cekela lan sira patènana ana ing ngendi baé katemunira dhèwèké; lan kanggo nglawan iki anggon-Ingsun aparing wewenang kang cetha marang sira.

سَتَجِدُونَ آخَرِينَ يُرِيدُونَ أَنْ يَأْمَنُوكُمْ
وَيَأْمَنُوا قَوْمَهُمْ كُلَّمَا رُدُّوا إِلَى الْفِتْنَةِ
أُرْكِسُوا فِيهَا ۚ فَإِنْ لَمْ يَعْتَزِلُوكُمْ وَيُلْقُوا
إِلَيْكُمُ السَّلَمَ وَيَكُفُّوا أَيْدِيَهُمْ فَخُذُوهُمْ
وَاقْتُلُوهُمْ حَيْثُ ثَقِفْتُمُوهُمْ ۚ وَأُولَٰئِكُمْ
جَعَلْنَا لَكُمْ عَلَيْهِمْ سُلْطَانًا مُبِينًا ﴿٩١﴾

RUKU' 13

Manawi kados pundi sarta ngantos sapinten kéngingipun tiyang mejahi tiyang dipun apunten

92. Pidananipun amejahi tiyang mukmin boten kalayan katemaha. 93. Para ingkang jaragan mejahi titiyang mukmin. 94. Pèpènget garapipun dhateng tiyang kados mengsah. 95, 96. Perlu perang.

610. Ayat punika nyethakaken ayat ingkang sampun, inggih punika nerangaken kalayan terang bilih tiyang ingkang miyar-miyur punika boten kénging dipun pejahi utawi dipun perangi, manawi piyambakipun punika sampun sami kapok anggènipun merangi, sanajan ta piyambakipun punika wangsul kafir ing sasampunipun ngrasuk Islam. Mendhet waton saking ayat punika makaten ugi ayat ing 2: 217 kanggé mastani bilih tiyang murtad kedah dipun hukum pejah, punika kalèntu sanget. Mirsana katrangan angka 279. Para mufassirin sami sarujuk amastani bilih tiyang ingkang dipun karsakaken ing ayat punika, tiyang kafir, sanès tiyang Muslim, sarta limrahipun ingkang dipun wastani punika tiyang bani Mudlaj (Bd). Kapèngetana ugi bilih ing ayat punika wonten dhawuh ingkang terang gamblang, ingkang nerangaken manawi satunggaling golongan sampun ngajak dhamé, para titiyang wau boten kénging dipun perangi, sarta tumurunipun ayat punika terang manawi langkung kantun katimbang tumuruning dhawuh ingkang kasebut ing 2: 193: "Lan padha perangana nganti panyiya-panyiya ora ana, wondéné agama iku kagungané Allah." Ingkang makaten punika nedahaken bilih: *wondéné agama iku kagungané Allah, punika namung ateges jumenengipun kamardikan nglampahi agami tuwin kèndelipun panyiya-nyiya, boten teka ateges saindhenging bawana kedah sampun ngrasuk Islam sadaya*.

611. *Piala*, utawi *fitnah,* punika ateges *peperangan kaliyan para Muslimin* (Rz). Sawenèhing pancer, miturut cariyos: pancer Asad lan pancer Gathfan, wonten ingkang andhatengi titiyang Muslimin

92 Lan ora mungguh tumrapé mukmin yèn ta matènana mukmin, kajaba (yèn saking) klèru;[612] lan sapa sing matèni mukmin ora kalawan dijarag, lah amardikakna kawula mukmin siji sarta tetempuh kudu kabayar marang ahliné, kajaba yèn iki anglilakaké; ananging manawa dhèwèké iku asal saka golongan kang amungsuhi sira, sarta dhèwèké iku mukmin, lah amardikakaké kawula mukmin siji (wis cukup), lan manawa dhè-wèké iku asal saka ing golongan kang aprajanjian kalawan sira, lah tetempuh kudu dibayar marang ahliné karo amardikakaké kawula mukmin siji; ananging manawa ora bisa éntuk (kawula) lah kudu puwasa rong sasi tumaruntun: pitobat saka ing Allah, lan Allah iku Anguningani, Wicaksana.[613]

وَمَا كَانَ لِمُؤْمِنٍ أَنْ يَّقْتُلَ مُؤْمِنًا إِلَّا
خَطَـًٔا ۚ وَمَنْ قَتَلَ مُؤْمِنًا خَطَـًٔا فَتَحْرِيرُ
رَقَبَةٍ مُّؤْمِنَةٍ وَّدِيَةٌ مُّسَلَّمَةٌ إِلَىٰٓ أَهْلِهِۦٓ
إِلَّآ أَنْ يَّصَّدَّقُوا ۚ فَإِنْ كَانَ مِنْ قَوْمٍ عَدُوٍّ
لَّكُمْ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَتَحْرِيرُ رَقَبَةٍ مُّؤْمِنَةٍ ۖ
وَإِنْ كَانَ مِنْ قَوْمٍۭ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُمْ مِّيثَاقٌ
فَدِيَةٌ مُّسَلَّمَةٌ إِلَىٰٓ أَهْلِهِۦ وَتَحْرِيرُ رَقَبَةٍ
مُّؤْمِنَةٍ ۖ فَمَنْ لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ شَهْرَيْنِ
مُتَتَابِعَيْنِ تَوْبَةً مِّنَ اللَّهِ ۗ وَكَانَ اللَّهُ
عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿٩٢﴾

93 Lan sapa sing amatèni mukmin kalawan jaragan, lah wawalesé naraka, bakal manggon ing kono lan Allah bakal andhawahaké bendu-Né marang dhèwèké sarta angla'nati dhèwèké apa déné anyadhiyakaké siksa kang gedhé marang dhèwèké.[614]

وَمَنْ يَّقْتُلْ مُؤْمِنًا مُّتَعَمِّدًا فَجَزَآؤُهُۥ
جَهَنَّمُ خَالِدًا فِيهَا وَغَضِبَ اللَّهُ عَلَيْهِ
وَلَعَنَهُۥ وَأَعَدَّ لَهُۥ عَذَابًا عَظِيمًا ﴿٩٣﴾

sarta ngatingalaken anggènipun niyat badhé tetep bedhamèn. Nanging sareng sami wangsul saha dipun ajak déning golonganipun merangi para Muslimin, kalayan gita-gita sami minangkani pangajak wau (Rz). Titiyang ingkang kados makaten punika boten kénging pinitados, genging wigatosipun ririgen punika wonten ing salebetipun wekdal peperangan, inggih punika nalika para Muslimin kinepang wakul binaya mangap déning para mengsahipun, boten kénging dipun kinten-kintenaken.

612. Ayat punika tuwin ayat sambetipun, nedahaken bilih tiyang ingkang mejahi tiyang mukmin kalayan jaragan, punika boten saged yèn ta winastan mukmin. Ing salebetipun kawontenan perang, ingkang kelampahan ing tanah Arab nalika jaman samanten, asring kémawon titiyang kafir sami migunakaken réka daya remit, ngaken tetep mantep nglampahi Islam, pamrihipun manawi tiyang Muslimin lajeng andhatengi piyambakipun mumucal agami, lajeng sami dipun pejahi.

613. Tiyang saking antawisipun pancer ingkang aprajanjian rukun kaliyan para Muslimin, punika kedah karengkuh kados déné tiyang Islam.

614. Para mufassirin sami sarujuk amastani bilih ingkang dipun pangandikaken ing ayat punika manawi tiyang kafir mejahi tiyang mukmin (Rz). Menggah ing sajatos-jatosipun, tembung *kalawan*

Ar. *lunga*
Ut. *diawah*

94 É, para kang padha angèstu, samangsa sira *maju perang* ing dadalaning Allah, lah padha *anitipriksaa*, lah aja padha calathu marang sapa sing anibakaké salam marang sira: Kowé iku dudu mukmin. Apa sira padha ngupaya barang-barang kauripan donya! Lah ing ngarsaning Allah ana kauntungan sapirang-pirang; sira iku ing biyèn iya kaya mangkono, tumuli Allah aparing nugraha marang sira; mulané padha anindakna paniti priksa; sayekti Allah iku waspada ing sabarang kang padha sira lakoni.[615]

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيۡنَ اٰمَنُوۡۤا اِذَا ضَرَبۡتُمۡ فِىۡ
سَبِيۡلِ اللّٰهِ فَتَبَيَّنُوۡا وَلَا تَقُوۡلُوۡا لِمَنۡ
اَلۡقٰۤى اِلَيۡكُمُ السَّلٰمَ لَسۡتَ مُؤۡمِنًا ۚ تَبۡتَغُوۡنَ
عَرَضَ الۡحَيٰوةِ الدُّنۡيَا ۚ فَعِنۡدَ اللّٰهِ مَغَانِمُ
كَثِيۡرَةٌ ؕ كَذٰلِكَ كُنۡتُمۡ مِّنۡ قَبۡلُ فَمَنَّ اللّٰهُ
عَلَيۡكُمۡ فَتَبَيَّنُوۡا ؕ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِمَا
تَعۡمَلُوۡنَ خَبِيۡرًا ﴿۹۴﴾

95 Ora padha para mukmin sing thenguk-thenguk, dudu sing nandhang rekasa, karo para kang padha nyrempeng ing dadalaning Allah kalawan bandhané lan jiwané; Allah wis angluwihaké

لَا يَسۡتَوِى الۡقٰعِدُوۡنَ مِنَ الۡمُؤۡمِنِيۡنَ غَيۡرُ
اُولِى الضَّرَرِ وَالۡمُجٰهِدُوۡنَ فِىۡ سَبِيۡلِ
اللّٰهِ بِاَمۡوَالِهِمۡ وَاَنۡفُسِهِمۡ ؕ فَضَّلَ اللّٰهُ

jaragan ing ngriki punika sampun mengku kajeng: mejahi tiyang, ingkang margi saking anggènipun dados tiyang mukmin, kados déné ingkang asring dipun tindakaken déning para titiyang kafir punika.

615. Punika anedahaken kalayan cetha bilih para Muslimin kaawisan boten kénging mejahi tiyang namung sabab piyambakipun tiyang kafir. Dhawuh punika andhawuhaken para Muslimin ingkang kinepang déning mengsah, boten kénging nganggep mengsah dhateng satunggaling tiyang namung adhadhasar panyana-nyana thok. Dhawuh ingkang wekasaning ayat, cetha sanget: *Sira iku ing biyèn iya kaya mangkono, tumuli Allah aparing nugraha marang sira.* Dados para Muslimin punika kala rumiyinipun inggih tiyang kafir, lajeng kaparingan nugraha dèning Allah sarana kadadosaken tiyang Muslimin. Kula aturi nocogaken kaliyan 49: 17 “Balik Allah iku kang potang kabecikan marang sira, déning anggon-É wus nuntun sira marang iman.” Dados kajengipun ayat punika sampun terang, inggih punika: *Aja matèni sapa baé kang marga dhèwèké iku wong kafir, sira dhéwé iku biyèn iya wong kafir; nanging titipriksanen apa dhèwèké iku pranyata mungsuhira,* tembung *salâm* tuwin *salam* punika ateges *rahayu* utawi *slamet* (sawenèh mastani ing ayat ngriki tembung punika dipun waos *salam*). Manawi dipun tegesi makaten punika, lajeng sampun terang punapa ingkang dipun karsakaken ayat punika, sarta malih lajeng ngiyataken punapa ingkang sampun katerangaken ing nginggil. Nanging tembung *salâm* punika ugi ateges *pakurmatan;* lah manawi dipun tegesi makaten punika, ayat punika mengku kajeng: tiyang ingkang suka pakurmatan (nguluki salam), kedah dipun rengkuh kados déné mitra, boten kados déné mengsah, sanajan saged ugi taksih wonten semang-semangipun, punapa pangakenipun wau kalayan tulus punapa boten. Punika béda malih kaliyan prakawis tiyang kafir ingkang boten kénging dipun anggep mengsah. Nanging miturut Rz *salâm* punika taksih gadhah teges malih sanèsipun. Panjenenganipun ngandikakaken bilih saged ugi suraosipun punika: *aja sira calathu marang dhèwèké kang mundur saka sira lan ora gelem mèlu peperangan karo sira: Kowé dudu wong mukmin,* lah punika saking tembung *salâmah* (tegesipun *slamet*), jalaran tiyang ingkang mundur punika ngupados wilujeng. Kf anggènipun maos *Mu'man*, tegesipun *aman*, boten kawaos *mukmin* ingkang tegesipun *tiyang angèstu*; punika ngiyataken tegesipun tembung *salâm* ingkang sapisan.

dhuwur ing drajat para kang padha nyrempeng kalawan bandhané lan jiwané angungkuli para kang padha thenguk-thenguk, lan siji-sijiné padha disagahi kabecikan déning Allah, lan Allah angluwihaké para kang padha anyrempeng angungkuli para thenguk-thenguk kalawan ganjaran kang gedhé:

الْمُجٰهِدِيْنَ بِاَمْوَالِهِمْ وَاَنْفُسِهِمْ عَلَى
الْقٰعِدِيْنَ دَرَجَةً ۗ وَكُلًّا وَّعَدَ اللّٰهُ
الْحُسْنٰى ۗ وَفَضَّلَ اللّٰهُ الْمُجٰهِدِيْنَ عَلَى
الْقٰعِدِيْنَ اَجْرًا عَظِيْمًا ۙ﴿٩٥﴾

96 Darajat-darajat (luhur) saka
a. 2194 Panjenengané, sarta pangayoman[a] tuwin wilasa, lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

دَرَجٰتٍ مِّنْهُ وَمَغْفِرَةً وَّرَحْمَةً ۗ
وَكَانَ اللّٰهُ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿٩٦﴾

RUKU' 14

Titiyang Muslimin ingkang manggèn ing kalanganing mengsah

97-99. Para ingkang rekaos sanget badhé mlajeng. 100. Para ingkang saged mlajeng anilar griyanipun, kedah boten ajrih rekaos.

97 Sayekti para malaikat, manawa amatèni para kang padha atindak dudu marang jiwané dhèwé, padha calathu: Kapriyé kahananira? Bakal padha mangsuli: Kula punika sami apes wonten ing bumi. Bakal padha calathu: Apa buminé Allah iku ora jembar, dadi sira padha bisa ngalih ing kono? Mulané, ya iki kang padunungané naraka, lan iki papan kang ala.[616]

اِنَّ الَّذِيْنَ تَوَفّٰىهُمُ الْمَلٰۤىِٕكَةُ ظَالِمِيْٓ
اَنْفُسِهِمْ قَالُوْا فِيْمَ كُنْتُمْ ۗ قَالُوْا كُنَّا
مُسْتَضْعَفِيْنَ فِى الْاَرْضِ ۗ قَالُوْٓا اَلَمْ تَكُنْ
اَرْضُ اللّٰهِ وَاسِعَةً فَتُهَاجِرُوْا فِيْهَا ۗ فَاُولٰۤىِٕكَ
مَأْوٰىهُمْ جَهَنَّمُ ۗ وَسَاۤءَتْ مَصِيْرًا ۙ﴿٩٧﴾

98 Kajaba wong-wong lanang lan wong-wong wadon lan bocah-bocah kang padha apes, kang padha ora kuwat saranané lan ora éntuk dalan (kanggo oncat);

اِلَّا الْمُسْتَضْعَفِيْنَ مِنَ الرِّجَالِ وَالنِّسَاۤءِ
وَالْوِلْدَانِ لَا يَسْتَطِيْعُوْنَ حِيْلَةً وَّلَا
يَهْتَدُوْنَ سَبِيْلًا ۙ﴿٩٨﴾

616. *Para kang atindak dudu marang jiwané dhèwé*, punika saged mengku teges: tiyang ingkang sampun yakin dhateng kayektènipun Islam tuwin ngaken angèstu punika, nanging taksih milaur kempal kaliyan titiyang kafir ingkang boten pisan-pisan nglilani piyambakipun nglairaken anggènipun angèstu wau, ing mangka piyambakipun saged upami purun kempal kaliyan para Muslimin tuwin ngakeni anggènipun Islam kalayan ngeblak. Utawi mengku teges: tiyang lamis ingkang sami ngaken setya dhateng Islam manawi kapanggih kaliyan para Muslimin, nanging lajeng nyélaki manawi sami wangsul dhateng kaumipun (Rz).

Pitakèn: "Kapriyé kahananira?" punika ateges: *Kapriyé kahananira ing bab agamanira?*

99 Mulané, ya iki, manawa-manawa Allah kapareng amuwung dhèwèké, lan Allah iku ambek Amuwung, Aparamarta.

فَأُولٰٓئِكَ عَسَى اللّٰهُ أَنْ يَّعْفُوَ عَنْهُمْ ۚ وَ
كَانَ اللّٰهُ عَفُوًّا غَفُوْرًا ﴿٩٩﴾

100 Lan sapa sing angili ing dadalaning Allah, ana ing bumi bakal nemu enggon pangungsèn[617] sapirang-pirang sarta sumber pangupajiwa kang ambludag; lan sapa sing metu atinggal balé omahé, lumayu marang Allah lan Utusan-É, tumuli pati anututi dhèwèké, lah ganjarané temen ana ing Allah, lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

وَمَنْ يُّهَاجِرْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ يَجِدْ فِي
الْأَرْضِ مُرٰغَمًا كَثِيْرًا وَّسَعَةً ۚ وَمَنْ
يَّخْرُجْ مِنْۢ بَيْتِهٖ مُهَاجِرًا إِلَى اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ
ثُمَّ يُدْرِكْهُ الْمَوْتُ فَقَدْ وَقَعَ أَجْرُهٗ عَلَى
اللّٰهِ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿١٠٠﴾

RUKU' 15

Salat salebeting perang

101. Angringkes salat manawi saweg dumunung ing salebeting ajrih. 102, 103. Salat ing salebeting perang saèstu. 104. Amigatosaken terusing tandang.

101 Lan samangsa sira padha lalaku ing bumi, lah ora cacad ingatasé sira yèn sira anyendhakna salat, manawa sira kuwatir yèn para kang padha kafir angrempak ing sira; sayekti para kafir iku mungsuhira kang tétéla.

وَإِذَا ضَرَبْتُمْ فِي الْأَرْضِ فَلَيْسَ عَلَيْكُمْ
جُنَاحٌ أَنْ تَقْصُرُوْا مِنَ الصَّلٰوةِ ۖ إِنْ خِفْتُمْ
أَنْ يَّفْتِنَكُمُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا ۚ إِنَّ الْكٰفِرِيْنَ
كَانُوْا لَكُمْ عَدُوًّا مُّبِيْنًا ﴿١٠١﴾

102 Lan manawa sira ana ing antarané dhèwèké padha sarta anjumenengaké salat tumrap dhèwèké, lah dhèwèké sing sapantha sira kona ngadeg bareng lan sira sarta padha nyekela gagamané; lah nalika padha sujud padha sira kona menyang ing burinira, lan sapantha

وَإِذَا كُنْتَ فِيْهِمْ فَأَقَمْتَ لَهُمُ الصَّلٰوةَ فَلْتَقُمْ
طَآئِفَةٌ مِّنْهُمْ مَّعَكَ وَلْيَأْخُذُوْٓا أَسْلِحَتَهُمْ ۣ
فَإِذَا سَجَدُوْا فَلْيَكُوْنُوْا مِنْ وَّرَآئِكُمْ وَلْتَأْتِ

617. *Murâgam* punika asli saking tembung رغم انفه ingkang tegesipun: *irungé tumémpél ing lemah*, kajengipun: *anorraga*, sarta kanggènipun kalayan mengku teges *margi* utawi *papan pangungsèn ingkang kénging dipun ungsèni* (Rgh), sami ugi punapa anggènipun makaten wau jalaran nandhang asor, punapa jalaran dipun ina ing mengsah, margi pun mengsah boten rena manawi wonten tiyang késah lan ngupados pangungsèn.

طَآئِفَةٌ اُخْرٰى لَمْ يُصَلُّوْا فَلْيُصَلُّوْا مَعَكَ وَلْيَاْخُذُوْا
حِذْرَهُمْ وَاَسْلِحَتَهُمْ ۚ وَدَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا
لَوْ تَغْفُلُوْنَ عَنْ اَسْلِحَتِكُمْ وَاَمْتِعَتِكُمْ
فَيَمِيْلُوْنَ عَلَيْكُمْ مَّيْلَةً وَّاحِدَةً ۗ وَلَا جُنَاحَ
عَلَيْكُمْ اِنْ كَانَ بِكُمْ اَذًى مِّنْ مَّطَرٍ اَوْ
كُنْتُمْ مَّرْضٰٓى اَنْ تَضَعُوْٓا اَسْلِحَتَكُمْ ۚ وَخُذُوْا
حِذْرَكُمْ ۗ اِنَّ اللّٰهَ اَعَدَّ لِلْكٰفِرِيْنَ عَذَابًا مُّهِيْنًا ﴿١٠٢﴾

liyané sing durung salat supaya majua banjur padha salata ambarengi sira sarta padha ngrenggepa kaprayitnané lan gagamané; (amarga) pangarep-arepé kang padha kafir, sira padha kalalèna gagamanira lan gawanira, banjur dhèwèké arep angrempak ing sira kalawan panyerang kang ambabar-pisani; lan ora cacad ingatasé sira anyèlèhaké gagamanira, manawa sira kena ing udan utawa pinuju lara, sarta padha angrenggepa kaprayitnanira; sayekti Allah iku anyadhiyakaké siksa kang angasoraké tumrap para kafir.[618]

فَاِذَا قَضَيْتُمُ الصَّلٰوةَ فَاذْكُرُوا اللّٰهَ قِيٰمًا
وَّقُعُوْدًا وَّعَلٰى جُنُوْبِكُمْ ۚ فَاِذَا اطْمَاْنَنْتُمْ
فَاَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ ۚ اِنَّ الصَّلٰوةَ كَانَتْ
عَلَى الْمُؤْمِنِيْنَ كِتٰبًا مَّوْقُوْتًا ﴿١٠٣﴾

103 Lah nalikané wis rampung anggonira salat, banjur padha anebuta ing Allah kalawan ngadeg sarta kalawan linggih tuwin kalawan turon miring; ananging samangsa sira wis padha jenjem, iya padha anjumenengna salat; sayekti salat iku ingatasé para angèstu sawijining angger kang tinamtu wayahé.[619]

وَلَا تَهِنُوْا فِى ابْتِغَآءِ الْقَوْمِ ۗ اِنْ تَكُوْنُوْا
تَاْلَمُوْنَ فَاِنَّهُمْ يَاْلَمُوْنَ كَمَا تَاْلَمُوْنَ ۚ
وَتَرْجُوْنَ مِنَ اللّٰهِ مَا لَا يَرْجُوْنَ ۗ
وَكَانَ اللّٰهُ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ﴿١٠٤﴾

Ar. *ing dalem anggolèki wong*

104 Lan aja padha kendho *anggonira anglud mungsuh*; manawa sira padha kelaran, lah sayekti dhèwèké (iya) padha kelaran kaya kelaranira, lan sira angarep-arep saka Allah barang kang dhèwèké padha ora angarep-arep; lan Allah iku Angudanèni, Wicaksana.

618. Ayat punika tuwin ayat ingkang sampun anedahaken wigatosipun salat wonten ing dalem agami Islam, ngantos sanajan saweg ayun-ayunan kaliyan mengsah, salat boten kénging dipun lirwakaken. Para prajurit Islam punika sanès tiyang ingkang damelanipun namung andon perang kémawon. Kados déné ingkang kawarsitakaken wonten ing ayat punika, maksuding gesangipun ingkang baku piyambak punika sasambetan kaliyan Pangéran, ngantos manawi sampun wancinipun sasambetan kaliyan Pangéran wau, babaya ingkang ngancam piyambakipun pisan dipun supèkaken.

619. *Kitâban mauqutâ*, utawi *angger kang tinamtu wayahé*, punika ateges angger ingkang kapranata wekdalipun, utawi *katamtokaken kedah katindakaken wonten ing wekdal ingkang sampun tinamtu*.

RUKU' 16

Parepatanipun dhedhemitan para lamis

105-109. Para Muslim sampun ngantos tumut-tumut prakawisipun para lamis ingkang boten lurus punika. 110-112. Sami andakwa tiyang ingkang boten lepat.

105 Sayekti, Ingsun wus andhawuhaké Kitab marang sira kalawan kayektèn, supaya sira anibakaké bebeneran antarané para manusa kalawan apa kang wis disumerepaké déning Allah marang sira; lan aja sira dadi tukang madoni makolèhaké para cidra,[620]

إِنَّآ أَنزَلْنَآ إِلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ بِٱلْحَقِّ
لِتَحْكُمَ بَيْنَ ٱلنَّاسِ بِمَآ أَرَىٰكَ ٱللَّهُ ۚ
وَلَا تَكُن لِّلْخَآئِنِينَ خَصِيمًا ﴿١٠٥﴾

106 Lan nyuwuna pangapuraning Allah; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[621]

وَٱسْتَغْفِرِ ٱللَّهَ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ غَفُورًا رَّحِيمًا ﴿١٠٦﴾

107 Lan aja angikal padu amakolèhaké para kang anglakoni *palacidra* marang jiwané dhéwé; sayekti Allah iku ora remen marang sapa kang padha apalacidra, dosa:

وَلَا تُجَٰدِلْ عَنِ ٱلَّذِينَ يَخْتَانُونَ أَنفُسَهُمْ ۚ
إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ مَن كَانَ خَوَّانًا أَثِيمًا ﴿١٠٧﴾

620. Kajawi riricikanipun lalampahan sawatawis, para mufassirin sami sarujuk amastani bilih wekdal tumurunipun ayat punika nyarengi kaliyan wontenipun para paben ing antawisipun sawenèhipun tiyang ingkang ngaken Islam lan titiyang Yahudi, ingkang pancasanipun fihak Muslimin dipun kawonaken. Tha'mah bin Ubairaq nyolong rasukan kerébutamal dipun dhelikaken wonten ing panggènanipun satunggaling tiyang Yahudi, piyambakipun lajeng andakwa tiyang Yahudi wau ingkang nyolong rasukan keré wau. Golonganipun Tha'mah sami ambélani Tha'mah. Sanajan para Yahudi punika kalayan terang-terangan mengsahi Kanjeng Nabi, suprandéné panjenenganipun ngluwari tiyang Yahudi wau saking pandakwa. Dados ayat punika anjumenengaken tatales ingkang jembar: bilih sinten ingkang boten burus kedah dipun pidana, sanajan ta tiyang ingkang kalepatan punika ngaken nganggé agami Islam, sarta sanajan tiyang ingkang dipun damel nyandhang pituna punika sanès tiyang Islam utawi mengsahipun para Muslimin. Sadaya prakawis kedah dipun pancasi punapa mesthinipun, sarta trajuning kaadilan kedah kadamel sami antawisipun tiyang Islam, kaliyan tiyang sanès Islam lan antawisipun mitra lan satru. Tumrap prakawis ingkang perlu tumunten dipun rampungi, saged kémawon tiyang ingkang pancèn kirang setiti nyalèwèng saking mesthinipun kaadilan, jalaran ing wekdal wau bau-sukunipun sok tiyang Muslimin dipun betahaken sanget kanggé ambélani agami Islam; kajawi punika pancasan ingkang mitunani satunggaling tiyang ingkang dipun biyantu déning sagemblenging golonganipun, punika ateges icalipun golongan wau saking pabarisan Islam.

621. Dhawuh ing ayat punika tuwin ing ayat ingkang sampun, punika tumuju dhateng sadhéngah tiyang Islam ingkang tinanggenah dados juru-hukum. Déné ing ngriki andhawuhaken nyuwun pangapunten, punika sajakipun tumrap pihak ingkang boten burus, jalaran pihak ingkang pranyata lepat wau tiyang Islam. Ayat candhakipun ngiyataken panyuraos punik. Déné bab Kanjeng Nabi nyuwun pangapunten kagem sariranipun piyambak, kula aturi mirsani katrangan angka 2194.

108 Padha umpetan saka para manusa, lan ora padha umpetan saka ing Allah, lan Panjenengané iku anjenengi dhèwèké, nalika ing wengi padha angangen-angen tembung kang Panjenengané ora rena, lan Allah iku anglimputi samubarang kang padha dilakoni.[622]

يَسْتَخْفُونَ مِنَ النَّاسِ وَلَا يَسْتَخْفُونَ مِنَ اللّٰهِ وَهُوَ مَعَهُمْ إِذْ يُبَيِّتُونَ مَا لَا يَرْضٰى مِنَ الْقَوْلِ ۚ وَكَانَ اللّٰهُ بِمَا يَعْمَلُونَ مُحِيطًا ﴿١٠٨﴾

109 Delengen! Sira iku kang padha angikal padu amakolèhaké dhèwèké ing dalem kauripan donya; ananging sapa sing bakal angikal padu marang Allah amakolèhaké dhèwèké ing dina kiyamat, utawa sapa sing bakal dadi pangayoman tumrap marang dhèwèké?

هٰٓأَنْتُمْ هٰٓؤُلَآءِ جٰدَلْتُمْ عَنْهُمْ فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۗ فَمَنْ يُّجَادِلُ اللّٰهَ عَنْهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ أَمْ مَّنْ يَّكُونُ عَلَيْهِمْ وَكِيلًا ﴿١٠٩﴾

110 Lan sapa sing anglakoni panggawé ala utawa atindak dudu marang jiwané dhéwé, tumuli nyuwun pangapuraning Allah, masthi bakal nemu (nyatané, yèn) Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

وَمَنْ يَّعْمَلْ سُوٓءًا أَوْ يَظْلِمْ نَفْسَهُ ثُمَّ يَسْتَغْفِرِ اللّٰهَ يَجِدِ اللّٰهَ غَفُورًا رَّحِيمًا ﴿١١٠﴾

111 Lan sapa sing sing atindak dosa, lah tumindaké iku mung amitunani tumrap marang jiwané; lan Allah iku Anguningani, Wicaksana.

وَمَنْ يَّكْسِبْ إِثْمًا فَإِنَّمَا يَكْسِبُهُ عَلٰى نَفْسِهِ ۚ وَكَانَ اللّٰهُ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿١١١﴾

112 Lan sapa sing anglakoni sawijining kaluputan utawa sawijining dosa, tumuli angipataké iki marang sing ora magepokan, lah temen anggéndhong momotané wong doracara lan dosa kang tétéla.[623]

وَمَنْ يَّكْسِبْ خَطِيٓئَةً أَوْ إِثْمًا ثُمَّ يَرْمِ بِهِ بَرِيٓـًٔا فَقَدِ احْتَمَلَ بُهْتَانًا وَّإِثْمًا مُّبِينًا ﴿١١٢﴾

622. Para ingkang sami biyantu dhateng tiyang ingkang lepat, ingkang dipun pangandikakaken ing ngriki punika, sarta sadaya tiyang ingkang kados makaten wau, sami dipun hukumi tiyang munafék. Bab prakawis punika ugi dipun lajengaken wonten ing ayat-ayat candhakipun.

623. Tiyang ingkang boten lepat ingkang dipun dhawahi dakwa palsu, punika saged ugi sanès

RUKU' 17

Parepatanipun dhedhemitan para lamis

113. Pangangkah angludhesaken para Muslimin. 114. Parepatanipun mengsah ingkang wados. 115. Angalang-alangi Kanjeng Nabi punika badhé cabar tanpa dados.

وَلَوْلَا فَضْلُ اللّٰهِ عَلَيْكَ وَرَحْمَتُهٗ لَهَمَّتْ
طَّآئِفَةٌ مِّنْهُمْ اَنْ يُّضِلُّوْكَ ۗ وَمَا يُضِلُّوْنَ
اِلَّآ اَنْفُسَهُمْ وَمَا يَضُرُّوْنَكَ مِنْ شَيْءٍ ۗ
وَاَنْزَلَ اللّٰهُ عَلَيْكَ الْكِتٰبَ وَالْحِكْمَةَ
وَعَلَّمَكَ مَا لَمْ تَكُنْ تَعْلَمُ ۗ وَكَانَ
فَضْلُ اللّٰهِ عَلَيْكَ عَظِيْمًا ﴿١١٣﴾

113 Lan saupama ora anaa lubèring kadarmaning Allah tuwin wilasa-Né marang sira, amasthi dhèwèké sing sagolongan anetepaké sedya arep angrusakaké sira ananging ora liya kajaba angrusak jiwané dhéwé,[624] lan ora pisan-pisan bakal angrusakaké sira; lan Allah wus andhawuhaké marang sira Kitab lan kawicaksanan, sarta wus mulang apa sing sira ora weruh, lan lubèring kadarmaning Allah marang sira iku gedhé banget.

لَا خَيْرَ فِيْ كَثِيْرٍ مِّنْ نَّجْوٰىهُمْ اِلَّا مَنْ اَمَرَ
بِصَدَقَةٍ اَوْ مَعْرُوْفٍ اَوْ اِصْلَاحٍۢ بَيْنَ النَّاسِ ۗ
وَمَنْ يَّفْعَلْ ذٰلِكَ ابْتِغَآءَ مَرْضَاتِ اللّٰهِ
فَسَوْفَ نُؤْتِيْهِ اَجْرًا عَظِيْمًا ﴿١١٤﴾

114 Ora ana beciké ing dalem kèh-kèhané pirembugané kang wadi iku, kajaba sapa sing maréntahaké dana, utawa kabecikan utawa pirukun antarané para manusa; lan sapa sing anglakoni mangkéné iki mamrih karenaning Allah, amasthi dhèwèké bakal Ingsun paringi ganjaran kang gedhé.

وَمَنْ يُّشَاقِقِ الرَّسُوْلَ مِنْ بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ
لَهُ الْهُدٰى وَيَتَّبِعْ غَيْرَ سَبِيْلِ الْمُؤْمِنِيْنَ
نُوَلِّهٖ مَا تَوَلّٰى وَنُصْلِهٖ جَهَنَّمَ ۗ وَسَآءَتْ مَصِيْرًا ﴿١١٥﴾ ع

115 Lan sapa sing ngecrahi Utusan ing sawisé tuntunan dadi terang tumrap dhèwèké, sarta nurut kang dudu dadalané para angèstu, dhèwèké iku bakal Ingsun adhepaké marang barang kang diadhepaké, lan bakal Ingsun cemplungaké naraka; lan iku papan kang ala.[624A]

---

tiyang Islam, utawi malah inggih saged ugi mengsahipun Islam. Suprandéné dakwa palsu, punika sintena kémawon ingkang damel-damel lan sintena kémawon ingkang dipun dhawahi tetep nama "doracara lan dosa kang tétéla." Boten wonten agami sanèsipun malih ingkang masang angger-angger ingkang jejeg makaten wau, kanggé mranata tuwin nindakaken kaadilan, kajawi agami Islam.

624. Tembung *adlallahu* punika sami kaliyan tembung *ahlakahu*, dados ateges *ngrusak dhèwèké* utawi *nyilakakaké dhèwèké* (LL), sarta inggih punika tegesipun tembung wau tumrap ing ngriki.

624A. Kalayan terang ayat punika mangandikakaken para kafir lan para lamis ingkang sami nurut

RUKU' 18

Panyembah brahala tinulak

116. Manembah pangéran kathah punika dosa ingkang boten kénging dipun apunten. 117-121. Sétan punika aniyup angisèni tindak awon. 122-126. Iman sarta pandamel saé badhé ginanjar.

116 Sayekti Allah ora angapura (dosa) anyakuthokaké sawiji-wiji karo Panjenengané, lan angapura *kabèh* saliyané iku marang sapa sing dadi kaparenging karsa-Né;[a] lan sapa sing nyakuthokaké sawiji-wiji karo Allah, lah temen sasar kalawan sasar kang adoh.

Ar. *barang*
a. 584

إِنَّ اللّٰهَ لَا يَغْفِرُ أَنْ يُّشْرَكَ بِهٖ وَيَغْفِرُ مَا دُوْنَ ذٰلِكَ لِمَنْ يَّشَآءُ ۚ وَمَنْ يُّشْرِكْ بِاللّٰهِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلٰلًا ۢ بَعِيْدًا ﴿١١٦﴾

117 Para anguwuh saliyané Panjenenganė, ora liya kajaba *barang kang tanpa jiwa*,[625] lan ora liya kajaba padha anguwuh sétan kang *tanpa ana beciké*,[626]

Ut. *brahala*
Ut. *mirong*

إِنْ يَّدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِهٖٓ إِلَّآ إِنٰثًا ۚ وَإِنْ يَّدْعُوْنَ إِلَّا شَيْطٰنًا مَّرِيْدًا ﴿١١٧﴾

118 Allah wus angla'nati dhèwèké; lan dhèwèké munjuk: Saèstu kula badhé amendheti kawula Tuwan sapanduman ingkang tinamtu:

لَّعَنَهُ اللّٰهُ ۘ وَقَالَ لَأَتَّخِذَنَّ مِنْ عِبَادِكَ نَصِيْبًا مَّفْرُوْضًا ﴿١١٨﴾

119 Lan saèstu badhé sami kula tatangi ing pépénginan ingkang muspra, tuwin saèstu badhé sami

وَّلَأُضِلَّنَّهُمْ وَلَأُمَنِّيَنَّهُمْ وَلَاٰمُرَنَّهُمْ

margi *ingkang sanès marginipun para angèstu*; kacariyos bilih punika magepokan kaliyan murtadipun Tha'mah (Rz). Mirsanana 620. Ngemungaken kalayan ngénggak-ngénggokaken dhawuh punika, sagedipun dhawuh punika mengku teges bilih béda ing pamanggih kaliyan kaum Muslimin ingkang sabagéan kathah ing babagan masalahing agami, punika dosa. Boten wonten tiyang Islam satunggal kémawon ingkang saged mikir, ingkang anggadhahi paham makaten wau.

625. Tembung *inâts* punika gadhah teges warni kalih, kalih-kalihipun kénging dipun anggé sadaya. (1) Ateges *barang ingkang tanpa jiwa*, kadosta tataneman, séla, kajeng. (2). Ugi ateges *brahala*, jalaran tiyang Arab manawi namakaken brahala mawi nami *èstri*, upaminipun Latta', 'Uzza, Manna' (LL). Hasan nerangaken bilih saben pancer Arab mesthi gadhah brahala ingkang sami dipun wastani: *untsa*-(wantahipun: *èstri*)*né* pancer anu (Rz). Dados tembung punika ugi kénging dipun jarwani *sesembahan èstri*.

626. Tembung *marid* lan *mârid*, kalih-kalihipun sami tegesipun, inggih punika: *ingkang boten wonten saénipun babar pisan*, kados déné ing ukara شجر امرد tegesipun: *wit ingkang boten wonten ronipun*, tuwin ukara رملة مرداء tegesipun: *siti ingkang boten katuwuhaken tataneman* (Rgh). Miturut LL tegesipun tembung *marîd* punika: *gumedhé* utawi *mirong*.

kula ajani anyigar kupinging rajakaya[627] punapa déné saèstu sami badhé kula ajani ingkang supados angéwahi titahing Allah;[628] lan sapa sing aluwung angalap sétan minangka pangayoman tinimbang Allah, iya masthi bakal kapitunan kalawan kapitunan kang tétéla.

فَلَيُبَتِّكُنَّ اٰذَانَ الْاَنْعَامِ وَلَاٰمُرَنَّهُمْ فَلَيُغَيِّرُنَّ خَلْقَ اللّٰهِ ۚ وَمَنْ يَّتَّخِذِ الشَّيْطٰنَ وَلِيًّا مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ فَقَدْ خَسِرَ خُسْرَانًا مُّبِيْنًا ﴿١١٩﴾

120 Dhèwèké padha disaguhi lan padha ditatangi pépénginané kang muspra; lan ora liya kasaguhané sétan marang dhèwèké iku kajaba mung ngapusi.

يَعِدُهُمْ وَيُمَنِّيْهِمْ ۗ وَمَا يَعِدُهُمُ الشَّيْطٰنُ اِلَّا غُرُوْرًا ﴿١٢٠﴾

121 Iki para kang panggonané iku naraka, lan ora bakal padha olèh pangungsèn saka ing kono.

اُولٰٓئِكَ مَاْوٰىهُمْ جَهَنَّمُ وَلَا يَجِدُوْنَ عَنْهَا مَحِيْصًا ﴿١٢١﴾

122 Wondéné para kang padha angèstu lan anglakoni panggawé-panggawé becik, bakal padha Ingsun lebokaké ing patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ing kono,

Ar. *ngisoré*

وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ سَنُدْخِلُهُمْ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ

627. Ingkang kasigar kupingipun punika *bahîrah*, inggih punika *unta èstri ingkang sampun manak kaping gangsal, ingkang wuragilipun medal jaler. Unta èstri ingkang kados makaten wau lajeng dipun sigar kupingipun, salajengipun unta èstri wau lajeng dipun mardikakaken, liripun boten dipun tumpaki, boten dipun anggé momot-momotan, lan boten dipun pragad.* Tembung punika ugi kanggé nembungaken *ménda gèmbèl* utawi *ménda kacangan èstri ingkang sampun manak kaping gangsal lajeng kasigar kupingipun* (TA-LL). Sawenèh wonten ingkang anggadhahi paham bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika: merung kupinging rajakaya kanggé kaperluwan manembah brahala (Rz). Adat tata-cara nyigar utawi merung kupinging sawenèh kéwan, punika kamusyrikan ingkang sampun mratah ing satanah Arab, jalaran kéwan ingkang kados makaten punika dipun anggep sampun kamligèkaken tumrap sawenèh brahala. Salajengipun kula aturi mirsani 742.

628. Manawi kacundhukan kaliyan 30: 30 saged cetha bilih *titahing Allah* ing ngriki punika tegesipun *agamining Allah*, jalaran agami ingkang sanyata punika agami kudrat dumadosipun manusa. Ing 30: 30 kadhawuhaken: "Mulané jejegna rainira ing agami kalawan condhong: dumadi kang katitahaken déning Allah, kang Panjenengané wus anitahaké para manusa ana ing kono; ora ana owah-owahé tumrap dumadining titahing Allah; yaiku agami kang jejeg, nanging akèh-akèhing manusa padha ora weruh." Awit saking punika, sétan angéwahi titahing Allah, punika ingkang dipun karsakaken angéwahi agami kodrat dumadosing manusa, ingkang andhawuhaken ambangun-turut dhateng Allah tuwin dhateng angger-angger-Ipun. Déning sawenèh mufassir "ngéwahi titahing Allah" punika dipun suraos *migunakaken barang-barang ingkang katitahaken déning Allah kanggé maksud punapa kémawon sulaya kaliyan maksud tumitahing barang-barang wau,* upaminipun: manembah dhateng barang kadosta surya tuwin sapanunggilanipun ingkang menggah ing sajatos-tjatosipun tumitahipun punika kadamel teluk dhateng manusa (Rz). Dados migunakaken kalayan boten saleresipun kasantikan ingkang tumitip wonten ing dalem badanipun manusa, punika sami kémawon kaliyan angéwahi titahing Allah.

langgeng; (iki) janjining Allah, (sanyata) temenan; lan sapa sing luwih temen ing pangucap tinimbang Allah?

فِيهَآ أَبَدًا ۖ وَعْدَ ٱللَّهِ حَقًّا ۚ وَمَنْ أَصْدَقُ
مِنَ ٱللَّهِ قِيلًا ﴿١٢٢﴾

123 Ora bakal cocog karo pépénginanira kang muspra,[629] lan iya ora cocog karo pépénginané pandhèrèké Kitab kang muspra; sapa sing anglakoni ala, bakal winales kalawan *ala*, lan saliyané Allah dhèwèké ora bakal éntuk pangayoman lan ora (bakal éntuk) panulung.

Ar. *iku*

لَّيْسَ بِأَمَانِيِّكُمْ وَلَآ أَمَانِيِّ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ ۗ
مَن يَعْمَلْ سُوٓءًا يُجْزَ بِهِۦ وَلَا يَجِدْ لَهُۥ
مِن دُونِ ٱللَّهِ وَلِيًّا وَلَا نَصِيرًا ﴿١٢٣﴾

124 Lan sapa sing anglakoni panggawé-panggawé becik, apa wong lanang apa wong wadon, lan dhèwèké iku wong angèstu, - lah iki bakal padha lumebu ing taman, lan *ora pisan-pisan* bakal kataman ing tindak dudu.

Ar. *sagalering isi kurma baé ora*

وَمَن يَعْمَلْ مِنَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ مِن ذَكَرٍ أَوْ
أُنثَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَأُو۟لَٰٓئِكَ يَدْخُلُونَ
ٱلْجَنَّةَ وَلَا يُظْلَمُونَ نَقِيرًا ﴿١٢٤﴾

125 Lan sapa ta kang luwih becik agamané tinimbang wong kang sumarah babar pisan adhepé marang Allah? lan dhèwèké iku wong kang agawé becik (marang liyan) sarta miturut agamané Ibrahim, wong tulus, lan Allah iku amundhut Ibrahim minangka mitra.

وَمَنْ أَحْسَنُ دِينًا مِّمَّنْ أَسْلَمَ وَجْهَهُۥ
لِلَّهِ وَهُوَ مُحْسِنٌ وَٱتَّبَعَ مِلَّةَ إِبْرَٰهِيمَ
حَنِيفًا ۗ وَٱتَّخَذَ ٱللَّهُ إِبْرَٰهِيمَ خَلِيلًا ﴿١٢٥﴾

126 Lan samubarang ing langit-langit sarta samubarang ing bumi iku kagungané Allah; lan Allah iku anglimputi samubarang.

وَلِلَّهِ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ ۚ
وَكَانَ ٱللَّهُ بِكُلِّ شَىْءٍ مُّحِيطًا ﴿١٢٦﴾

629. Dhawuh ingkang mungel: *Ora bakal cocok karo pépénginanira kang muspra*, punika pépénginanipun ingkang muspra para manembah brahala (Rz), inggih punika kepéngin boten kagesangaken malih sasampunipun pejah: "Lan padha calathu, Ora ana manèh kajaba mung uripku ana ing donya iki, lan aku ora bakal tinangèkaké" (6: 29). Déné bab prakawis para pandhèrèkipun Kitab: "Lan para Yahudi lan para Nasrani padha calathu: Aku padha anaké Allah lan kakasih-É" (5: 18). Angger-angger ingkang sanyata – angger-anggering kudrat – katerangaken ing ayat sambetipun, inggih punika: awon lan saé punika badhé wonten piwalesipun piyambak-piyambak.

RUKU' 19

Garap ingkang adil dhateng para laré yatim sarta para èstri

127. Kedah adil dhateng laré yatim, manawi biyungipun dipun pendhet sémah. 128. Rukun antawisipun laki kaliyan rabi. 129. Adil dhateng para rabi. 130. Pisahan laki kaliyan rabi. 131-134. Tuhu-tuhu anetepi wajib kadhawuhaken.

127 Dhèwèké padha nyuwun putusan tumrap para wadon. Calathua: Allah aparing weruh marang sira putusan tumrap dhèwèké lan apa kang wus diwacakaké marang sira ing sajroning Kitab[630] ing bab anak-anak yatimé para wadon,[631] kang padha ora sira wènèhi apa kang wus katetepaké dadi bagéané, ing mangka sira *emoh* anikaha dhèwèké, sarta ing bab para kang apes, yaiku para anak-anak, lan atindaka kalawan adil marang bocah-bocah yatim; lan kabecikan apa kang padha sira lakoni, lah sayekti, iku Allah anguningani.

Ut. *karep*

وَيَسْتَفْتُونَكَ فِي النِّسَاءِ ۖ قُلِ اللَّهُ يُفْتِيكُمْ
فِيهِنَّ ۙ وَمَا يُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ فِي الْكِتَابِ فِي
يَتَامَى النِّسَاءِ اللَّاتِي لَا تُؤْتُونَهُنَّ مَا كُتِبَ
لَهُنَّ وَتَرْغَبُونَ أَنْ تَنْكِحُوهُنَّ وَالْمُسْتَضْعَفِينَ
مِنَ الْوِلْدَانِ ۙ وَأَنْ تَقُومُوا لِلْيَتَامَىٰ بِالْقِسْطِ ۚ
وَمَا تَفْعَلُوا مِنْ خَيْرٍ فَإِنَّ اللَّهَ كَانَ بِهِ عَلِيمًا ﴿١٢٧﴾

128 Lan manawa wong wadon kuwatir tindak siyané utawa paninggaling lakiné,[632] lah ora ala ingatasé sakaloroné, manawa

وَإِنِ امْرَأَةٌ خَافَتْ مِنْ بَعْلِهَا نُشُوزًا أَوْ
إِعْرَاضًا فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِمَا أَنْ يُصْلِحَا

630. Ingkang dipun karsakaken punika wiwitaning surat punika (mirsanana ayat 3 tuwin katrangan angka 535). Ing bab punika mèh sadaya paham sarujuk, suraosipun: pancasan bab prakawis punika sampun katerangaken wonten ing ngriku.

631. يَتَامَى النِّسَاءِ punika tegesipun *anak-anak yatimé para wadon.* Miturut para ahli nahwu ing Basrah, boten mantuk manawi punika dipun tegesi *tiyang èstri yatim* utawi *laré yatim èstri*, sanajan inggih wonten ingkang mastani kénging dipun tegesi makaten wau (Rz). Déné ingkang dipun karsakaken punika sampun terang, jalaran ing ngriki, wonten dhawuh damel saé dhateng laré yatim ingkang biyungipun kapendhet sémah, sarta inggih bab punika ingkang kawarsitakaken wonten ing ayat 3. Miturut I'Ab *apa kang wus katetepaké dadi bagéané* punika panduman bandha warisan, ingkang manawi miturut tataran Arab jaman jahiliyah boten angsal (Rz). Nanging inggih wonten malih sanèsipun ingkang anggadhahi paham bilih ingkang dipun karsakaken punika maskawin. Nyukani maskawin dhateng èstri ingkang makaten punika saya langkung perlu malih, awit punika dipun betahaken sanget kanggé ngupakara laré-larénipun yatim. Wonten malih ingkang mratélakaken bilih tumuruning ayat punika gagandhèngan kaliyan lampahipun Ummi Kuhat ingkang gadhah anak yatim (Rz). Nanging Bukhari ngriwayataken pangandikanipun Siti 'Aisyah ingkang sulaya kaliyan punika. Miturut Siti 'Aisyah wau, ingkang dipun karsakaken punika: laré yatim èstri ingkang kapendhet sémah piyambak déning walinipun kalayan tanpa nyukani maskawin.

632. Ing ngriki wonten tembung warni kalih ingkang dipun agem, *nusyuz* lan *i'râdl.* Ingkang sapisan punika tegesipun wantah: *mirong.* Tembung نشزت المرأة tegesipun *tiyang èstri mbaléla*

padha angadegaké pirukun antara-
a. 573 né sakaloroné,[a] lan pirukun iku
luwih becik; lan budi (ning
manusa) iku dianani kumed; lan
manawa sira padha agawé becik
(ing liyan) lan padha bekti, lah
sayekti Allah iku Waspada marang
apa kang padha sira lakoni.

بَيْنَهُمَا صُلْحًا ۚ وَالصُّلْحُ خَيْرٌ ۗ وَأُحْضِرَتِ
الْأَنْفُسُ الشُّحَّ ۚ وَإِنْ تُحْسِنُوا وَتَتَّقُوا فَإِنَّ
اللَّهَ كَانَ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرًا ﴿١٢٨﴾

129 Lan sira padha ora duwé
kawasa anggonira arep tumindak
b. 535 adil antarané para rabi,[b] sanajan
banget kapénginira, nanging sira
aja padha dhoyong kalawan dho-
yong babar pisan (saka kang sa-
wiji), nganti dhèwèké sira etogaké
baé keplanggrang; lan manawa sira
padha angedegaké pirukun sarta
padha bekti, sayekti Allah iku
Aparamarta, Mahaasih.

وَلَنْ تَسْتَطِيعُوا أَنْ تَعْدِلُوا بَيْنَ النِّسَاءِ
وَلَوْ حَرَصْتُمْ فَلَا تَمِيلُوا كُلَّ الْمَيْلِ
فَتَذَرُوهَا كَالْمُعَلَّقَةِ ۚ وَإِنْ تُصْلِحُوا وَتَتَّقُوا
فَإِنَّ اللَّهَ كَانَ غَفُورًا رَحِيمًا ﴿١٢٩﴾

130 Lan manawa sakaloron pa-
dha pegatan, Allah bakal angilang-
aké kabutuhané sakaroné amarga
saka jembaring paparing-É, lan
Allah iku jembar paparing-É,
Wicaksana

وَإِنْ يَتَفَرَّقَا يُغْنِ اللَّهُ كُلًّا مِنْ سَعَتِهِ ۚ
وَكَانَ اللَّهُ وَاسِعًا حَكِيمًا ﴿١٣٠﴾

131 Lan samubarang ing langit-
langit sarta samubarang ing bumi
iku kagungané Allah, lan sayekti
temen Ingsun wis andhawuhi para
kang padha kaparingan Kitab ing
sadurungira lan (iya andhawuhi)
marang sira, supaya padha di bekti
maring Allah; lan manawa sira

وَلِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ ۗ
وَلَقَدْ وَصَّيْنَا الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ مِنْ
قَبْلِكُمْ وَإِيَّاكُمْ أَنِ اتَّقُوا اللَّهَ ۚ وَإِنْ

dhateng sémahipun, gumedhé dhateng ingkang jaler, tuwin milawani ingkang jaler, anggething ingkang jaler, nilar ingkang jaler. Tembung نشز بعلها عليها tegesipun *tiyang jaler awon lan* siya-siya garapipun dhateng ingkang èstri, utawi misah saking rabinipun, utawi boten remen utawi gething dhateng rabinipun (Q, Msb, TA-LL). I'radl wantahipun ateges sumingkir, nebihi, nyirik utawi nilar satunggaling barang. Milanipun tembung ingkang sapisan wau kula tegesi tindak siya, tembung ingkang kaping kalih kula tegesi nilar, awit tembung warni kalih jèjèr, punika limrahipun anedahaken ingkang kantun mengku teges ingkang langkung sanget katimbang ingkang rumiyin, manawi boten wonten katrangan sanès.

padha angafiri, lah sayekti samubarang ing langit-langit lan samubarang ing bumi iku kagunganė Allah, lan Allah iku ora kabutuh ing samubarang, Maha-pinuji.

تَكْفُرُوْا فَاِنَّ لِلّٰهِ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ ؕ وَكَانَ اللّٰهُ غَنِيًّا حَمِيْدًا ﴿۱۳۱﴾

132 Lan kagunganė Allah samubarang ing langit-langit lan samubarang ing bumi iku, lan wis cukup Allah iku minangka Pangayoman.

وَلِلّٰهِ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ ؕ وَكَفٰى بِاللّٰهِ وَكِيْلًا ﴿۱۳۲﴾

133 Manawa Panjenenganė angarsakakė, saged anglungakakė sira, o, para manusa! Lan anekakakė liyanė; lan Allah iku, nindakakė mangkono iku kawasa.

اِنْ يَّشَاْ يُذْهِبْكُمْ اَيُّهَا النَّاسُ وَيَاْتِ بِاٰخَرِيْنَ ؕ وَكَانَ اللّٰهُ عَلٰى ذٰلِكَ قَدِيْرًا ﴿۱۳۳﴾

134 Sapa sing kapéngin ganjaran donya, lah, ing ngarsaning Allah iku ana ganjaran donya lan akhirat; lan Allah iku Amiyarsa, Amirsani.

مَنْ كَانَ يُرِيْدُ ثَوَابَ الدُّنْيَا فَعِنْدَ اللّٰهِ ثَوَابُ الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ ؕ وَكَانَ اللّٰهُ سَمِيْعًا بَصِيْرًا ﴿۱۳۴﴾

RUKU' 20

Garap ingkang adil dhateng sadaya manusa sarta anglepataken dhateng lalamisanipun para Yahudi

135. Kasantosan ing adil sarta ing yekti. 136. Kasantosan ing piandel punika kedah. 137-141. Para ingkang sami apes ing piandel anglirwakaken yakti karana mamrih kahurmatan donya.

135 É, para kang padha angèstu, padha dadia wong kang nyantosakakė ing adil, saksi karana Allah, sanajan amitunani awakira dhéwé utawa wong tuwa(-nira) sakaloron utawa para akrab(-ira); yèn dhèwèké iku sugiha utawa miskina, lah Allah iku *luwih déning saged (ananduki) ing sakaroné*;[633] mulané aja padha miturut ing

Ut. *marang sakaroné luwih cedhak welasé*

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا كُوْنُوْا قَوّٰمِيْنَ بِالْقِسْطِ شُهَدَآءَ لِلّٰهِ وَلَوْ عَلٰۤى اَنْفُسِكُمْ اَوِ الْوَالِدَيْنِ وَالْاَقْرَبِيْنَ ۚ اِنْ يَّكُنْ غَنِيًّا اَوْ فَقِيْرًا فَاللّٰهُ اَوْلٰى بِهِمَا ۫ فَلَا تَتَّبِعُوا الْهَوٰۤى اَنْ

633. Tegesipun: sira aja pilih-asih ngréwangi marang wong sugih, sabab sira ngarep-arep olèh ganjaran saka dhèwèké utawa sabab sira kuwatir olèh pituna saka dhèwèké; mangkono uga sira iya aja nerangakė apa nyatanė, manawa sira dadi saksi lumawan wong mlarat, kang marga sira welas marang dhèwèké. Dados, tatangsuling gotrah tuwin tatangsuling tresna, ajrih, ganjaran utawi welas, punika sadaya sampun ngantos murugaken tiyang nyalèwèng saking kasunyatan.

pépénginan(-ira) kang asor, mundhak sira padha nyalèwèng; lan manawa sira nalisir utawa angedohi, lah sayekti Allah iku waspada marang samubarang kang padha sira lakoni.

تَعْدِلُوا ۚ وَإِن تَلْوُوا أَوْ تُعْرِضُوا فَإِنَّ اللَّهَ
كَانَ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرًا ١٣٥

136 É, para kang padha angèstu, padha angèstua ing Allah lan Utusan-É, lan Kitab kang wus kadhawuhaké marang Utusan-É, lan Kitab kang wus dhumawuh ing sadurungé; lan sapa sing angafiri Allah lan para malaikat-É, lan kitab-kitab-É, lan para utusan-É, lan dina akhir, iya temen-temen sasar kalawan sasar kang adoh.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا آمِنُوا بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ
وَالْكِتَابِ الَّذِي نَزَّلَ عَلَىٰ رَسُولِهِ وَالْكِتَابِ
الَّذِي أَنزَلَ مِن قَبْلُ ۚ وَمَن يَكْفُرْ
بِاللَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ
وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَالًا بَعِيدًا ١٣٦

137 Sayekti, para kang padha angèstu tumuli angafiri, tumuli angestu (manèh), tumuli angafiri (manèh), tumuli padha ngundhaki kafiré,[634] iku Allah ora bakal angapura lan ora bakal nuntun dhèwèké ing dalan (kang bener).[635]

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا ثُمَّ كَفَرُوا ثُمَّ آمَنُوا ثُمَّ
كَفَرُوا ثُمَّ ازْدَادُوا كُفْرًا لَّمْ يَكُنِ اللَّهُ
لِيَغْفِرَ لَهُمْ وَلَا لِيَهْدِيَهُمْ سَبِيلًا ١٣٧

138 Dhawuhna marang para lamis, yèn dhèwèké bakal padha olèh siksa kang nglarani,[636]

بَشِّرِ الْمُنَافِقِينَ بِأَنَّ لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ١٣٨

139 Para sing padha aluwung angalap para kafir minangka pa-

الَّذِينَ يَتَّخِذُونَ الْكَافِرِينَ أَوْلِيَاءَ مِن

634. Tiyang ingkang kapangandikakaken ing ayat punika para titiyang ingkang miyar-miyur, inggih punika titiyang ingkang pijer-pijer wangsul dados kafir (Rz). Sawenèh wonten ingkang gadhah pamanggih bilih ingkang dipun karsakaken punika khusus para Yahudi, inggih punika ingkang purun angèstu dhateng sawenèh wahyu Quran lan ngemohi sawenèhipun (Rz). Nitik ayat 136 mawi nyebutaken Kitab: "kang wus dhumawah ing sadurungé," punika nélakaken bilih ingkang dipun karsakaken punika para Yahudi, jalaran terang sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih ing antawisipun Yahudi pancèn kathah tiyangiupun ingkang lamis.

635. Anggènipun Allah boten nuntun piyambakipun, punika temahaning pandamelipun piyambak. Ing sakawit piyambakipun sami miyar-miyur, nanging wekasanipun sami tetep mantep wonten ing dalem kakafiran.

636. *Tabsyir* (taksih sasambetan kaliyan tembung *busyrah* ingkang jawinipun *polatan*) punika aslinipun mengku teges *medharaken* utawi *ngundhangaken kawontenan ingkang saged murugaken éwahing polatan.* Miturut panampi ingkang limrah-limrah tembung wau kanggé nembungaken *pawartos ingkang ambingungaken tiyang,* nanging asring ugi tembung wau dipun anggé *ngundhangaken kawontenan ingkang nyisahaken tiyang* (Rz-LL).

ngayoman tinimbang para angèstu. Apa ta padha golèk singgih saka ing dhèwèké? Lah sayekti singgih iku kagungané Allah kabèh.

دُونِ الْمُؤْمِنِينَ ۚ أَيَبْتَغُونَ عِندَهُمُ الْعِزَّةَ
فَإِنَّ الْعِزَّةَ لِلَّهِ جَمِيعًا ﴿١٣٩﴾

140 Lan temen Panjenengané wus andhawuhaké marang sira ana ing dalem Kitab, dhawuh-É: Manawa sira padha angrungu timbalan-timbalaning Allah padha dikafiri lan padha diguguyu, lah aja sira padha lulungguhan karo dhèwèké, nganti padha lumebu ing gunem liyané; sayekti, mengko mundhak sira dadi papadhané; sayekti Allah bakal angumpulaké para lamis lan para kafir kabèh ana ing naraka;[637]

وَقَدْ نَزَّلَ عَلَيْكُمْ فِي الْكِتَابِ أَنْ إِذَا
سَمِعْتُمْ آيَاتِ اللَّهِ يُكْفَرُ بِهَا وَيُسْتَهْزَأُ
بِهَا فَلَا تَقْعُدُوا مَعَهُمْ حَتَّىٰ يَخُوضُوا فِي
حَدِيثٍ غَيْرِهِ ۚ إِنَّكُمْ إِذًا مِّثْلُهُمْ ۗ إِنَّ
اللَّهَ جَامِعُ الْمُنَافِقِينَ وَالْكَافِرِينَ فِي
جَهَنَّمَ جَمِيعًا ﴿١٤٠﴾

141 Para kang padha anganti-anti (kacilakan tumrap) ing sira; lah manawa sira padha olèh kamenangan saka ing Allah, padha calathu: Apa ta aku iki padha dudu rowangmu? Lan manawa kabegjan dumunung ing para kafir, padha acalathu: Apa aku iki ora padha amakolèhaké unggul tumrap marang kowé sarta ananggulangi kowé saka para angèstu? Kang iku, ing dina kiyamat, Allah bakal anibakaké bebeneran ing antaranira; lan ora pisan Allah bakal andamelaké dalan para kafir kanggo angalahaké para angèstu.

الَّذِينَ يَتَرَبَّصُونَ بِكُمْ فَإِن كَانَ لَكُمْ
فَتْحٌ مِّنَ اللَّهِ قَالُوا أَلَمْ نَكُن مَّعَكُمْ
وَإِن كَانَ لِلْكَافِرِينَ نَصِيبٌ قَالُوا أَلَمْ
نَسْتَحْوِذْ عَلَيْكُمْ وَنَمْنَعْكُم مِّنَ الْمُؤْمِنِينَ ۚ
فَاللَّهُ يَحْكُمُ بَيْنَكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۗ وَلَن
يَجْعَلَ اللَّهُ لِلْكَافِرِينَ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ سَبِيلًا ﴿١٤١﴾

637. Ing suratipun Quran Suci ingkang kaping nenem, inggih punika ingkang katurunaken wonten ing Makkah, ing ayat 68 ugi wonten pangandika ingkang makaten punika. Tiyang Muslim dipun dhawuhi nilar kekempalan utawi pajagongan ingkang ing ngriku yakti dipun gugujeng, jalaran manawi boten makaten, mesthi sami badhé manuh gugujengan makaten wau: *Sayekti, mengko mundhak sira dadi papadhané*. Satunggaling tukang merdèni Quran bangsa Nasrani migunakaken ayat punika kanggé waton mastani bilih titiyang Muslim dipun awisi mirengaken kritik utawi cacadan-cacadan dhateng agaminipun. Saèstu pamanggih ingkang anèh, jer cacak akal ingkang saras mesthi saged mastani bédaning pamada sasampunipun nitipriksa (*criticism*) kaliyan gugujengan (anggugujeng).

RUKU' 21

Kawusananipun para lamis Yahudi

142-143. Apus-apusipun. 144. Awisan among-mitra kaliyan mengsah. 145-147. Kawusananipun. 148, 149. Panyenggring dipun awisi. 150-152. Angemohi Utusan punika sami kaliyan kafir.

142 Sayekti, para lamis padha sir apus-apus ing Allah, lan Panjenengané bakal males anggoné padha apus-apus;[638] lan manawa dhèwèké padha menyat arep salat, menyaté kalawan wegah; mung amrih dinelenga ing wong, sarta ora padha angangen-angen ing Allah, kajaba sathithik.

إِنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ يُخٰدِعُوْنَ اللّٰهَ وَهُوَ خَادِعُهُمْ ۚ
وَإِذَا قَامُوْٓا إِلَى الصَّلٰوةِ قَامُوْا كُسَالٰى ۙ
يُرَآءُوْنَ النَّاسَ وَلَا يَذْكُرُوْنَ اللّٰهَ إِلَّا قَلِيْلًا ﴿١٤٢﴾

143 Padha gajeg-gajeg antarané kuwi (lan kuwi), ora (kagolong) kuwi lan ora (kagolong) kuwi;[639] lan sapa sing sinasaraké Allah, ya ora bakal sira nemu dalan tumrap
a. 44, 1312 dhèwèké.[a]

مُّذَبْذَبِيْنَ بَيْنَ ذٰلِكَ ۖ لَآ إِلٰى هٰٓؤُلَآءِ
وَلَآ إِلٰى هٰٓؤُلَآءِ ۗ وَمَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَلَنْ
تَجِدَ لَهٗ سَبِيْلًا ﴿١٤٣﴾

144 É, para kang padha angèstu, aja padha aluwung apèk pangayoman para kafir tinimbang para
b. 407 angèstu;[b] apa sira nedya padha agawé tandha yekti tétéla konjuk ing Allah, kang mitunani ing sira?

يٰٓأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَتَّخِذُوا الْكٰفِرِيْنَ
أَوْلِيَآءَ مِنْ دُوْنِ الْمُؤْمِنِيْنَ ۗ أَتُرِيْدُوْنَ
أَنْ تَجْعَلُوْا لِلّٰهِ عَلَيْكُمْ سُلْطٰنًا مُّبِيْنًا ﴿١٤٤﴾

145 Sayekti, para lamis iku padha ana ing geni lapisan kang ngisor dhéwé,[640] lan ora bakal sira nemu panulung tumrap marang dhèwèké.

إِنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ فِى الدَّرْكِ الْأَسْفَلِ
مِنَ النَّارِ ۚ وَلَنْ تَجِدَ لَهُمْ نَصِيْرًا ﴿١٤٥﴾

638. Tegesipun tembung *khâda'a* sampun katerangaken ing katrangan 23. Perlu dipun wewahi katrangan sakedhik bilih tembung *khâdî'uhum* ing ngriki punika ateges: *kang amales anggoné padha apus-apus* (TA-LL). Saèstu, manawi dhawuh punika kacundhukaken kaliyan dhawuh ingkang nunggil suraos, ingkang kasebut ing 2: 9, saya cetha sanget tegesipun. "Padha sira apus-apus ing Allah lan wong kang padha angèstu, ananging ora liya kajaba apus-apus awaké dhéwé." Ing dalem ayat kalih-kalihipun wau sadaya, para titiyang wau sami dipun pèpèngeti anggènipun badhé kapatrapan siksa saking anggènipun réka daya badhé apus-apus dhateng titiyang mukmin.

639. *Mudhabdhab*, punika tegesipun wantah *ébah*, sarta gadhah teges ingkang sami kaliyan tegesipun tembung *mudhabdhib*, inggih punika *gajeg-gajeg* utawi *rangu-rangu antawisipun barang utawi prakawis warni kalih* (T, S, M, Q-LL). Ingkang dipun karsakaken *kuwi* punika *para mukmin* lan *para kafir* ingkang kapangandikakaken ing wekasaning ayat 141.

640. Boten tulus anggènipun ngantebi agami punika awoning-awon, milanipun para lamis utawi

Ut. *pidhuwung*

Ut. *agamané*

146 Kajaba kang padha *tobat* sarta ambecikaké kalakuané tuwin agondhèlan ing Allah apa déné tulus *pambangunturuté* maring Allah; lah yaiku sartané para angèstu; lan Allah bakal amaringi ganjaran kang gedhé marang para angèstu.

إِلَّا الَّذِينَ تَابُوا وَأَصْلَحُوا وَاعْتَصَمُوا بِاللَّهِ وَأَخْلَصُوا دِينَهُمْ لِلَّهِ فَأُولَٰئِكَ مَعَ الْمُؤْمِنِينَ ۖ وَسَوْفَ يُؤْتِ اللَّهُ الْمُؤْمِنِينَ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿١٤٦﴾

Ar. *Allah bakal ana apa marang siksanira*

147 *Apa perluné Allah aniksa ing sira*, manawa sira pancèn padha weruh ing panarima sarta angèstu? Lan Allah iku Kang tikelmatikel ing pangganjar,[641] Angudanéni.

مَا يَفْعَلُ اللَّهُ بِعَذَابِكُمْ إِنْ شَكَرْتُمْ وَآمَنْتُمْ ۚ وَكَانَ اللَّهُ شَاكِرًا عَلِيمًا ﴿١٤٧﴾

JUZ VI

Ut. *ala*

148 Allah Iku ora remen marang wedharing pangucap ngeblak kang *nylekit*, kajaba manawa iki déning wong kang kinaniaya; lan Allah iku Amiyarsa, Angudanèni.[642]

لَا يُحِبُّ اللَّهُ الْجَهْرَ بِالسُّوءِ مِنَ الْقَوْلِ إِلَّا مَنْ ظُلِمَ ۚ وَكَانَ اللَّهُ سَمِيعًا عَلِيمًا ﴿١٤٨﴾

149 Manawa sira kalawan ngedhèng anglakoni kabecikan utawa kalawan sira sidhem, utawa angapura ing ala, lah sayekti Allah iku Aksama, Kawasa.

إِنْ تُبْدُوا خَيْرًا أَوْ تُخْفُوهُ أَوْ تَعْفُوا عَنْ سُوءٍ فَإِنَّ اللَّهَ كَانَ عَفُوًّا قَدِيرًا ﴿١٤٩﴾

150 Sayekti para kang padha angafiri ing Allah sarta para utusan-É, tuwin (para sing) padha sumedya anèjèkaké antarané Allah karo para utusan-É, apa déné

إِنَّ الَّذِينَ يَكْفُرُونَ بِاللَّهِ وَرُسُلِهِ وَيُرِيدُونَ أَنْ يُفَرِّقُوا بَيْنَ اللَّهِ وَرُسُلِهِ

---

tiyang ingkang boten tulus ingkang tindakipun boten laras kaliyan pangakenipun angèstu, punika dipun pangandikakaken manawi sami dumunung wonten ing kawontenan ingkang awon piyambak.

641. Tembung *syâkir* punika manawi dados sifatipun Pangéran ateges: *Ingkang-Maringi wawales ingkang kathah tumrap pandamel ingkang sapélé,* utawi *ingkang anggènipun ngaosi nikel-nikeli wawales-Ipun dhateng kawula wau* (TA-LL), milanipun lajeng wonten tetembungan شكر الله سعيه ingkang tegesipun: muga-muga Allah maringi wawales panggawéné (LL).

642. Sarupaning pangucap awon tumrap tiyang sanès, punika dipun awisi sanget, nanging ugi wonten kalanipun dipun kéngingaken tumrap tiyang ingkang dipun bencanani.

padha acalathu: Aku padha angèstu marang kang sawenèh sarta angafiri sawenèhé, sarta padha sumedya angalap dalan antarané iku,

وَيَقُوْلُوْنَ نُؤْمِنُ بِبَعْضٍ وَّنَكْفُرُ بِبَعْضٍ ۙ
وَّيُرِيْدُوْنَ اَنْ يَّتَّخِذُوْا بَيْنَ ذٰلِكَ سَبِيْلًا ﴿۱۵۰﴾

151 Iki para kang padha kafir temenan, lan Ingsun anyadhiyakaké siksa kang angasoraké tumrap para kafir.[643]

اُولٰٓئِكَ هُمُ الْكٰفِرُوْنَ حَقًّا ۚ وَاَعْتَدْنَا لِلْكٰفِرِيْنَ
عَذَابًا مُّهِيْنًا ﴿۱۵۱﴾

152 Lan para sing padha angèstu ing Allah lan para utusan-É, sarta ora anèjèkaké antarané siji-sijiné, iki bakal padha pinaringan ganjarané; lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا بِاللّٰهِ وَرُسُلِهٖ وَلَمْ يُفَرِّقُوْا
بَيْنَ اَحَدٍ مِّنْهُمْ اُولٰٓئِكَ سَوْفَ يُؤْتِيْهِمْ
اُجُوْرَهُمْ ۭ وَكَانَ اللّٰهُ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿۱۵۲﴾

RUKU' 22

Panerakipun para Yahudi

153-155. Para Yahudi nerak awisan. 156-159. Pandalihipun dhateng Kanjeng Nabi 'Isa sarta dhateng Siti Maryam saha kados pundi nyatanipun prakawis pamenthèngipun Kanjeng Nabi 'Isa. 160, 161. Pidananipun. 162. Sawenèhipun inggih sami angèstu.

153 Pandhèrèking Kitab padha anjaluk marang sira, supaya sira anurunaké kitab saka ing langit marang dhèwèké; ananging temen biyèn anjaluk marang Musa kang luwih gedhé tinimbang iku, amarga padha calathu: Aku padha weruhna ing Allah kalawan satmata; mulané swara gumludhug angenani dhèwèké amarga saka anggoné padha
a. 87 atindak dudu.[a] tumuli padha angalap (sesembahan) pedhèt,[b] ing sa-
b. 84 wisé tandha-tandha yekti kang cetha tumeka marang dhèwèké, ananging Ingsun puwung kang mangkono iku, sarta Ingsun aparing wisésa kang cetha marang Musa.

يَسْـَٔلُكَ اَهْلُ الْكِتٰبِ اَنْ تُنَزِّلَ عَلَيْهِمْ
كِتٰبًا مِّنَ السَّمَآءِ فَقَدْ سَاَلُوْا مُوْسٰٓى اَكْبَرَ
مِنْ ذٰلِكَ فَقَالُوْٓا اَرِنَا اللّٰهَ جَهْرَةً فَاَخَذَتْهُمُ
الصّٰعِقَةُ بِظُلْمِهِمْ ۚ ثُمَّ اتَّخَذُوا الْعِجْلَ مِنْ
بَعْدِ مَا جَآءَتْهُمُ الْبَيِّنٰتُ فَعَفَوْنَا عَنْ
ذٰلِكَ ۚ وَاٰتَيْنَا مُوْسٰى سُلْطٰنًا مُّبِيْنًا ﴿۱۵۳﴾

643. Nèjèkaken utawi ambédak-bédakaken antawisipun Allah kaliyan utusan-Ipun, punika tegesipun angèstu dhateng ingkang satunggal, boten angèstu dhateng satunggalipun. Islam ugi andhawuhaken angèstu dhateng sadaya nabi ingkang sami kajumenengaken supados sami anggesangaken manusa. dados angemohi salah satunggaling nabi-nabi ingkang kasebutaken asmanipun wonten ing dalem Quran Suci, punika mahanani piyambakipun wau medal saking kalanganipun para angèstu sarta mapanaken wonten ing antawisipun para kafir.

154 Lan Ingsun andhuwuraké
gunungé angungkuli dhèwèké nali-
kané (Ingsun mundhut) sasangge-
c. 105 mané,[c] sarta Ingsun angandika
marang dhèwèké: Padha lumebua
d. 92 ing lawang iki kalawan sujud;[d] lan
Ingsun angandika marang dhè-
wèké: Aja padha anerak walering
e. 106 Sabbat;[e] lan Ingsun wus amundhut
prajanjian kang kukuh saka
dhèwèké.

وَرَفَعْنَا فَوْقَهُمُ الطُّورَ بِمِيثَاقِهِمْ وَقُلْنَا لَهُمُ ادْخُلُوا الْبَابَ سُجَّدًا وَقُلْنَا لَهُمْ لَا تَعْدُوا فِي السَّبْتِ وَأَخَذْنَا مِنْهُمْ مِيثَاقًا غَلِيظًا ﴿١٥٤﴾

155 Mulané, amarga saka ang-
goné padha anyidrani prajanjiané
sarta anggoné padha angafiri
timbalan-timbalaning Allah tuwin
anggoné padha anyédani para nabi
f. 102 kalawan ora bener[f] apa déné
anggoné padha calathu: Atiku iki
g. 130 katutupan,[g] – o, balik Allah wus
angecap marang dhèwèké amarga
h. 21 saka anggoné padha kafir,[h] mulané
ora padha angèstu kajaba mung
sathithik:

فَبِمَا نَقْضِهِمْ مِيثَاقَهُمْ وَكُفْرِهِمْ بِآيَاتِ اللَّهِ وَقَتْلِهِمُ الْأَنْبِيَاءَ بِغَيْرِ حَقٍّ وَقَوْلِهِمْ قُلُوبُنَا غُلْفٌ ۚ بَلْ طَبَعَ اللَّهُ عَلَيْهَا بِكُفْرِهِمْ فَلَا يُؤْمِنُونَ إِلَّا قَلِيلًا ﴿١٥٥﴾

156 Lan amarga saka anggoné padha kafir sarta anggoné angunèkaké Maryam kalawan pandalih kang gedhé:[644]

وَبِكُفْرِهِمْ وَقَوْلِهِمْ عَلَىٰ مَرْيَمَ بُهْتَانًا عَظِيمًا ﴿١٥٦﴾

157 Lan pangucapé: sayekti aku wus padha amatèni Masih ‘Isa anaké Maryam, utusaning Allah; lan ora padha matèni dhèwèké sarta ora padha menthèng dhèwèké,[645] ananging dhèwèké di-

وَقَوْلِهِمْ إِنَّا قَتَلْنَا الْمَسِيحَ عِيسَى ابْنَ مَرْيَمَ رَسُولَ اللَّهِ وَمَا قَتَلُوهُ وَمَا صَلَبُوهُ وَلَٰكِنْ

644. Pandalih ing ngriki, ingkang dipun karsakaken pandalihipun para Yahudi bilih Siti Maryam alampah sèdhèng (Rz). Dodongèngan Yahudi nerangaken bilih tiyang ingkang dados lawanipun Siti Maryam lambang sih, punika satunggaling tiyang jaler Yahudi ingkang namanipun Panther (kasebut ing buku “Jewish Life of Jesus”).

645. Pangandika punika boten kok boten ngakeni bab anggènipun Kanjeng Nabi ‘Isa kagantung wonten ing kajeng palang, wangsul ingkang boten dipun akeni punika anggènipun kacariyosaken séda wonten ing kajeng palang wau. Bab prakawis panjenenganipun séda limrah, punika sampun kadhawuhaken kalayan terang wonten ing 5: 117 makaten: “Saha kawula punika dados saksi dhateng piyambakipun ing sadangunipun kawula nunggil piyambakipun, nanging sareng Tuwan sampun mejahi

شُبِّهَ لَهُمْ ۗ وَإِنَّ الَّذِينَ اخْتَلَفُوا فِيهِ

sarupakaké (kaya wong kapenthèng) tumrap dhèwèké kabèh,[646] lan sayekti, para kang padha apasulayan ing dalem prakara iku,

---

kawula, Tuwan Ingkang rumeksa dhateng piyambakipun." Kula aturi mirsani katrangan angka 752. Kitab-kitab Injil isi pasaksèn ingkang terang, ingkang nedahaken bilih Kanjeng Nabi 'Isa wilujeng saking séda wonten ing kajeng palang. Bab-bab ingkang kasebut ing ngandhap punika pantes pinèngetan: (1). Kanjeng Nabi 'Isa wonten ing kajeng palang punika namung sawatawis jam, ing mangka tiyang punika sagedipun ngantos pejah wonten ing kajeng pamenthangan mesthi dangunipun. (2). Tiyang kalih ingkang dipun penthang sareng-sareng kaliyan Kanjeng Nabi 'Isa, punika nalika dipun andhapaken saking kajeng palang taksih sami gesang, dados ingkang cepak kémawon Kanjeng Nabi 'Isa inggih taksih sugeng. (3). Durjana kakalih wau sami dipun remuk sukunipun, wangsul Kanjeng Nabi 'Isa boten. (4). Nalika lambungipun Kanjeng Nabi 'Isa dipun suduk ing tumbak, medal rahipun; lah punika nandhakakaken manawi panjenenganipun taksih sugeng. (5). Ngantos Pilatus piyambak boten ngandel manawi namung sakedhap makaten Kanjeng Nabi 'Isa séda saèstu (Markus 15: 44). (6). Kanjeng Nabi 'Isa boten dipun sarèkaken (dipun kubur) kados déné durjana kakalih, nanging dipun pasrahaken dhateng sahabatipun Kanjeng Nabi 'Isa ingkang sugih, ingkang salajengipun piyambakipun sanget anggènipun ngupakara panjenenganipun sarta mrenahaken panjenenganipun wontening sentongan wiyar ingkang katatah wonten ing èrèng-èrènging parang. (7). Nalika dinten ingkang kaping tiga, kubur (tatahan ing parang) wau dipun tuwèni, séla ingkang minangka tutup tatahan ing parang sampun gumlempang; lah ingkang makaten punika rak boten perlu manawi pranyata wungunipun Kanjeng Nabi 'Isa punika kalayan nyebal ing pangadatan (*supernatural*). (8). Nalika Maryam (Magdaléna) kepanggih lan panjenenganipun, Maryam nginten manawi panjenenganipun punika juru-taman (Yuhanan 20: 15); punika nedahaken bilih Kanjeng Nabi 'Isa nyamur kados déné juru-taman. (9). Nyamur dados kados juru-taman makaten punika rak boten perlu, manawi Kanjeng Nabi 'Isa pranyata wungu saking séda. (10). Nalika para sahabat nyumerapi Kanjeng Nabi 'Isa, panjenenganipun taksih abadan wadhag kados sabenipun, sarta tatunipun taksih ketawis lebet ngantos cekap dipun lebeti tangan. (11). Panjenenganipun taksih kraos luwé sarta inggih dhahar punapa kados déné para sahabatipun (Lukas 24: 39-43). (12). Kanjeng Nabi 'Isa tindak dhateng tanah Galiléa kadhèrèkaken sahabatipun kalih ingkang lumampah jèjèr lan panjenenganipun; punika nedahaken bilih tindakipun punika perlu badhé mlajeng ngupados pangungsén, jalaran saupami karsanipun punika badhé mumbul dhateng langit, panjenenganipun mesthi boten andadak tindakan dhateng tanah Galiléa barang. (13). Sadaya lalampahanipun Kanjeng Nabi 'Isa ing sasampunipun kapenthang, punika sarwa dhelikan lan umpetan, kados-kados kuwatos manawi konangan. (14). Ing sadalu muput sadèrènging panjenenganipun kacepeng, panjenenganipun nyunyuwun dhateng Pangéran supados dipun paringi wilujeng saking séda lina'natan wonten ing kajeng palang, sarta panjenenganipun ugi dhawuh dhateng sahabatipun supados sami anyunyuwunaken panjenenganipun, mangka sampun dados anggeranggering Pangéran, panyuwunipun tiyang tulus nalika saweg nandhang rekaos lan kasusahan, punika mesthi dipun pinangkani. Sajakipun panjenenganipun punika inggih tampi janjining Pangéran bilih badhé dipun wilujengaken, sarta inggih janjining Pangéran punika ingkang dipun karsakaken nalika panjenenganipun wonten ing kajeng palang anguwuh: "Dhuh Allah kawula, Allah kawula punapa Tuwan anégakaken dhumateng kawula? – Serat Dhateng Tiyang 'Ibrani 5: 7 nerangaken bab prakawis punika langkung cetha malih, jalaran ing ngriku kasebutaken bilih panyuwunipun Kanjeng Nabi 'Isa tinarimah: "Ana déné Gusti kang nalika masaning dagingé wus angaturaké pandonga lan pasambat, kanthi panjerit sakayangé, kalawan wedaling waspa, marang kang kawasa angluwari saka ing pati, banjur katarimah awit saka pakéringé."

Pasaksèn punika sadaya kalayan cetha anedahaken bilih Kanjeng Nabi 'Isa boten séda wonten ing kajeng palang, dados awit saking punika leres sanget pratélan ingkang kasebut wonten ing Quran punika.

646. Tetembungan ولكن شبه لهم punika kénging dipun suraos warni kalih. Tembung شبهه اياه ateges *dhèwèké digawé kaya déné dhèwèké* utawi *nyarupakaké dhèwèké karo dhèwèké* (MA, KL-LL). Ugi شبهه عليه ateges *andadèkaké iku worsuh tumrap dhèwèké,* tuwin

temen ana ing sajroning semang-semang marang prakara iku;[647] ora padha duwé kawruh ing prakara iku, ananging mung miturut panya-na, lan ora padha *ameruhi iku* kalawan yakin,[648]

Ut. *amatèni dhèwèké*

لَفِي شَكٍّ مِّنْهُ ۚ مَا لَهُم بِهِ مِنْ عِلْمٍ إِلَّا اتِّبَاعَ الظَّنِّ ۚ وَمَا قَتَلُوهُ يَقِينًا ﴿١٥٧﴾

158 Balik Allah anjunjung dhèwèké marang ngarsa-Né; lan Allah iku Minulya, Wicaksana.[649]

بَل رَّفَعَهُ اللَّهُ إِلَيْهِ ۚ وَكَانَ اللَّهُ عَزِيزًا حَكِيمًا ﴿١٥٨﴾

159 Lan ora ana pandhèrèking Kitab siji baé kajaba masthi temen angèstu marang prakara iki ing sadurungé matiné, lan ing dina kiyamat dhèwèké bakal dadi saksi ingatasé dhèwèké kabèh.[650]

وَإِن مِّنْ أَهْلِ الْكِتَابِ إِلَّا لَيُؤْمِنَنَّ بِهِ قَبْلَ مَوْتِهِ ۖ وَيَوْمَ الْقِيَامَةِ يَكُونُ عَلَيْهِمْ شَهِيدًا ﴿١٥٩﴾

---

andadèkaké iku dadi ruwed, *semang utawi peteng tumrap dhèwèké* (MA-LL). Rèhning sagedipun saged dipun tegesi kados teges ingkang angka satunggal punika manawi lésanipun dipun sebutaken, inggih punika dipun sebutaken barangipun ingkang dipun sarupakaken, mila saged-sagedipun pangandika punika namung dipun tegesi teges ingkang angka kalih wau. *Rûhu-l-Ma'âni* nganggé teges punika, sarta nerangaken saged ugi tegesipun punika التبس عليهم الامر ingkang jawinipun: *Prakara digawé semang tumrap dhèwèké.* Cicriyosan ingkang nyariyosaken bilih wonten tiyang sanès ingkang kadamel serupi kados Kanjeng Nabi 'Isa, punika boten angsal pasaksèn saking dhawuhing Quran, jalaran sagedipun dipun tegesi makaten punika manawi lésanipun dipun sebutaken, inggih punika mawi dipun sebutaken bilih Kanjeng Nabi 'Isa dipun serupakaken kaliyan …… Nadyan upaminipun lésan ingkang boten wonten wau kita wontenaken (kita wewahi piyambak), "ingkang dipun sarupèni" punika inggih kedah kapangandikakaken pisan wonten ing pangandika ngriki ugi. Nanging "nyerupakaken kados déné tiyang ingkang kapenthèng," punika sampun kawengku wonten ing dhawuh *ora padha menthèng dhèwèké*; kajawi punika ing pangandika ngriki utawi ing panggènan sanèsipun boten wonten ingkang nyebutaken tiyang ingkang kadamel serupi kaliyan Kanjeng Nabi 'Isa, utawi ingkang langkung pantes dipun sarupèni déning Kanjeng Nabi 'Isa.

647. Kawontenan-kawontenan ingkang sasambetan kaliyan prakawis "kasalib," punika babar pisan boten wonten ingkang anélakaken bilih Kanjeng Nabi 'Isa séda wonten kajeng palang. Lah ingkang makaten punika kalayan terang ambuktèkaken bilih nalika panjenenganipun dipun andhapaken saking kajeng palang punika taksih sugeng.

648. مَا قَتَلُوهُ يَقِينًا punika miturut Rgh ateges: *ora padha weruh kalayan susurupan kang yakin bab prakara anggoné dhèwèké (Kanjeng Nabi 'Isa) mati dipenthèng*.

649. Bab prakawis tegesipun tembung *raf'* kula aturi mirsani katrangan angka 437. Pangandika ing ngriki mungel: *ora padha amatèni dhèwèké kalawan yakin*, *balik Allah anjunjung dhèwèké*, punika nedahaken bilih "kasengkakaken ing ngaluhur dhateng pangayunanipun Pangéran," punika kosokwangsul kaliyan "séda wonten ing kajeng palang." Pangandharing Torèt 21: 23 saged nerangaken punika, awit ing ngriku katerangaken bilih *tiyang ingkang kagantung punika kadunungan la'nat saking Allah*, sarta rèhning tiyang ingkang angsal la'nat punika boten saged winastan mulya wonten ing ngarsaning Pangéran, milanipun kadhawuhaken bilih Kanjeng Nabi 'Isa boten séda wonten ing kajeng palang, malah kadhawuhaken pisan bilih panjenenganipun sinengkakaken ing ngaluhur dhateng ngarsaning Pangéran, liripun panjenenganipun boten kénging la'nat.

650. Para Yahudi lan para Nasrani sami gadhah pangandel Kanjeng Nabi 'Isa séda wonten ing

160 Mulané, awit déning tindak duduné para kang padha Yahudi, Ingsun angaramaké ingatasé dhèwèké barang-barang angresepaké kang dikenakaké marang dhèwèké, sarta amarga saka anggoné padha angalang-alangi ing akèh ing dadalaning Allah,

فَبِظُلْمٍ مِّنَ الَّذِيْنَ هَادُوْا حَرَّمْنَا عَلَيْهِمْ
طَيِّبٰتٍ اُحِلَّتْ لَهُمْ وَبِصَدِّهِمْ عَنْ
سَبِيْلِ اللّٰهِ كَثِيْرًا ﴿١٦٠﴾

161 Sarta anggoné padha angalap riba' – nadyan ta iku temen dhèwèké padha dilarangi – apa déné anggoné padha mangan bandhaning wong kalawan ora bener; lan Ingsun anyadhiyakaké siksa kang anglarani tumrap dhèwèké kang padha wong kafir.

وَّاَخْذِهِمُ الرِّبٰوا وَقَدْ نُهُوْا عَنْهُ وَاَكْلِهِمْ
اَمْوَالَ النَّاسِ بِالْبَاطِلِ ۗ وَاَعْتَدْنَا لِلْكٰفِرِيْنَ
مِنْهُمْ عَذَابًا اَلِيْمًا ﴿١٦١﴾

162 Ananging dhèwèké, para sing teguh ing kawruh lan para angèstu, padha angèstu marang sapa sing didhawuhaké marang sira lan apa sing kadhawuhaké ing

لٰكِنِ الرّٰسِخُوْنَ فِى الْعِلْمِ مِنْهُمْ وَالْمُؤْمِنُوْنَ
يُؤْمِنُوْنَ بِمَآ اُنْزِلَ اِلَيْكَ وَمَآ اُنْزِلَ مِنْ

kajeng palang, nanging miturut Quran Suci para titiyang wau sami boten gadhah ngèlmunipun bab punika ingkang kalayan yakin. Para Yahudi sami maiben dakwahipun Kanjeng Nabi 'Isa anggènipun kajumenengaken dados Masih, sarta anggènipun makaten punika tumrap para Yahudi sampun samesthinipun, jalaran manawi ngandel dhateng dakwah kamasihanipun Kanjeng Nabi 'Isa wau, piyambakipun nama lajeng boten dados tiyang Yahudi malih, awit miturut Pangandharing Torèt 21: 23: "saben wong kang kagantung iku dadi kadunungan la'nat saka Allah." déné pangandelipun titiyang Yahudi dhateng Kanjeng Nabi 'Isa punika makaten: Rèhning Kanjeng Nabi 'Isa punika séda wonten ing kajeng palang, mila panjenenganipun punika kadunungan la'nat, sarta tiyang ingkang dipun la'nati déning Pangéran, punika mesthi sanès nabi. Bab prakawis Kanjeng Nabi 'Isa séda wonten ing kajeng palang, punika ugi dados tatalesipun agami Nasrani ingkang baku piyambak, nanging waton-watonipun sakalangkung béda sanget kaliyan waton-watonipun para Yahudi wau. Tiyang Nasrani inggih ngakeni ing kayektèning Pangandharing Torèt 21: 23 wau, nanging inggih awit saking anggènipun kénging la'nat punika, déné Kanjeng Nabi 'Isa saged nebus dosanipun para ingkang sami ngandel dhateng panjenenganipun. Serat Gallati 3: 13 nyebutaken makaten: "Kristus wus anebus marang kita saka la'naté angger-angger, amarga dadi la'nat piyambak akarana kita, déné ana tulisan mangkéné: Saben wong kang gumantung ing kayu iku dadi la'nat." Dados tatales ingkang mangka dhadhasaring pangandelipun titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani, punika kumandel bilih Kanjeng Nabi 'Isa punika séda wonten ing kajeng palang, sarta tegesipun ayat punika lajeng sampun terang, inggih punika: sok tiyanga Yahudi tuwin sok tiyanga Nasrani, ing sadèrènging pejahipun mesthi sami ngandel bilih Kanjeng Nabi 'Isa punika séda wonten ing kajeng palang, sanajan para titiyang wau babar pisan boten sami gadhah seserepan ingkang yakin. Utawi tembung *matiné* ing ngriki punika: sédanipun Kanjeng Nabi 'Isa. Manawi makaten lajeng mengku teges: pangandelipun titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani dhateng sédanipun Kanjeng Nabi 'Isa, punika sampun wiwit ing kalaning sugengipun kanjeng Nabi 'Isa.

sadurungira, sarta para kang padha anjumenengaké salat tuwin para kang padha amèwèhaké zakat apa déné para sing padha angèstu ing Allah lan dina akhir, iki bakal padha Ingsun paringi ganjaran kang gedhé.

قَبْلِكَ وَالْمُقِيمِينَ الصَّلَوٰةَ وَالْمُؤْتُونَ الزَّكَوٰةَ وَالْمُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ أُولٰٓئِكَ سَنُؤْتِيهِمْ أَجْرًا عَظِيمًا ١٦٢

RUKU' 23

Wahyu ingkang rumiyin-rumiyin angekahaken Kayektènipun Quran

163-166. Sasambetanipun Wahyu dhateng para Nabi rumiyin-rumiyin kaliyan Wahyu dhateng Kanjeng Nabi Suci. 167-170. Tiyang ingkang sami angemohi. 171. Angorakaken Kapangérananipun Kanjeng Nabi 'Isa.

163 Sayekti Ingsun amedhar sabda marang sira kaya anggon-Ingsun amedhar sabda marang Nuh sarta para nabi ing sapungkuré, lan Ingsun amedhar sabda marang Ibrahim lan Isma'il lan Ishaq lan Ya'qub sarta para Pancer, lan 'Isa lan Ayyub lan Yunus lan Harun, lan Sulaiman sarta Ingsun amaringi *tulis* marang Dawud.

Ut. *kitab*

إِنَّآ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ كَمَآ أَوْحَيْنَآ إِلٰى نُوحٍ وَّالنَّبِيّٖنَ مِنْۢ بَعْدِهٖ ۚ وَأَوْحَيْنَآ إِلٰٓى إِبْرٰهِيمَ وَإِسْمٰعِيلَ وَإِسْحٰقَ وَيَعْقُوبَ وَالْأَسْبَاطِ وَعِيسٰى وَأَيُّوبَ وَيُونُسَ وَهٰرُونَ وَسُلَيْمٰنَ ۚ وَاٰتَيْنَا دَاوٗدَ زَبُورًا ١٦٣

164 Lan (Ingsun angutus) para utusan kang ing sadurungé wus padha Ingsun caritakaké marang sira lan para utusan kang padha ora Ingsun caritakaké marang sira; lan Allah angandikani Musa kalawan pangandika (marang dhèwèké);[651]

وَرُسُلًا قَدْ قَصَصْنٰهُمْ عَلَيْكَ مِنْ قَبْلُ وَرُسُلًا لَّمْ نَقْصُصْهُمْ عَلَيْكَ ۚ وَكَلَّمَ اللَّهُ مُوسٰى تَكْلِيمًا ١٦٤

651. Para Nabi ingkang dipun pangandikakaken ing ngriki punika sadaya kagolong dhateng bangsa Bani Israil. Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin turunipun ingkang tumuli kasebutaken langkung rumiyin; lajeng kasambetan nabi Bani Israil titiga ingkang sami nandhang cobi ageng, inggih punika Kanjeng Nabi 'Isa, Kanjeng Nabi Ayub lan Kanjeng Nabi Yunus. Golongan sanèsipun inggih punika nabi sekawan, ingkang kajawi dados nabi ugi ngasta peprèntahan, inggih punika Kanjeng Nabi Musa, Kanjeng Nabi Harun, Kanjeng Nabi Dawud lan Kanjeng Nabi Sulaiman. Nanging ing rèhning Kanjeng Nabi Dawud lan Kanjeng Nabi Musa punika gagayutan kaliyan Kanjeng Nabi langkung mligi – Kanjeng Nabi Dawud mangalembana ing Kanjeng Nabi wonten ing kidungipun Kitab Zabur, Kanjeng Nabi Musa minangka saminipun Kanjeng Nabi – mila kakalihipun wau kasebutaken piyambak wonten ing wekasan. Pawartos bibingah ingkang sami dipun ampil medharaken rahayu tuwin kabegjan ingkang kaparingaken dhateng para tiyang tulus, makaten ugi amecakaken badhé rawuhipun satunggaling nabi, ingkang rèhning rawuhipun punika kantun piyambak, milanipun inggih badhé nyakup sadaya sisifatanipun sadaya para nabi, sarta ingkang inggih awit saking punika lajeng badhé andadosaken bangsa-bangsa ing salumahing bumi punika dados bangsa satunggal. Punika sababipun déné

رُسُلًا مُّبَشِّرِينَ وَمُنذِرِينَ لِئَلَّا يَكُونَ
لِلنَّاسِ عَلَى اللَّهِ حُجَّةٌ بَعْدَ الرُّسُلِ ۚ
وَكَانَ اللَّهُ عَزِيزًا حَكِيمًا ﴿١٦٥﴾

165 (Ingsun angutus) para utusan, minangka juru-warta bubungah sarta juru pépéling, supaya para manusa aja padha duwé kojah amadoni Allah ing sawisé (tekané) para utusan; lan Allah iku Minulya, Wicaksana.

لَّٰكِنِ اللَّهُ يَشْهَدُ بِمَا أَنزَلَ إِلَيْكَ ۖ أَنزَلَهُ بِعِلْمِهِ ۖ
وَالْمَلَائِكَةُ يَشْهَدُونَ ۚ وَكَفَىٰ بِاللَّهِ شَهِيدًا ﴿١٦٦﴾

166 Ananging Allah aneksèni kalawan apa kang wus dhumawuh marang sira, kang dhumawuhé kalawan ngélmu-Né, sarta para malaikat (iya) padha aneksèni; lan wis cukup Allah minangka saksi.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَصَدُّوا عَن سَبِيلِ اللَّهِ
قَدْ ضَلُّوا ضَلَالًا بَعِيدًا ﴿١٦٧﴾

Ut. *nyimpangaké* 167 Sayekti, para kang padha kafir sarta *angalang-alangi* (*para manusa*) saka dadalaning Allah – temen padha sasar kalawan sasar kang adoh.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَظَلَمُوا لَمْ يَكُنِ اللَّهُ
لِيَغْفِرَ لَهُمْ وَلَا لِيَهْدِيَهُمْ طَرِيقًا ﴿١٦٨﴾

168 Sayekti, para kang padha kafir lan padha atindak dudu, iku Allah ora bakal ngapura lan ora bakal anuntun ing dalan,

إِلَّا طَرِيقَ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ فِيهَا أَبَدًا ۚ
وَكَانَ ذَٰلِكَ عَلَى اللَّهِ يَسِيرًا ﴿١٦٩﴾

169 Kajaba ing dadalaning naraka, supaya padha manggon ana
a. 1201 ing kono lawas,[a] lan mangkéné iki ingatasé Allah gampang.

يَا أَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَاءَكُمُ الرَّسُولُ بِالْحَقِّ
مِن رَّبِّكُمْ فَآمِنُوا خَيْرًا لَّكُمْ ۚ وَإِن تَكْفُرُوا

170 É, para manusa! Temen wis teka utusan marang sira kalawan yekti saka Pangéranira, mulané padha angèstu, (iku) becik tumrapé sira; lan manawa sira padha anga-

kadhawuhaken bilih Kitab Quran punika "lembaran-lembaran suci, ing jeroné iki ngemot sakèhing kitab kang bener" (98: 2). Bab prakawis sadaya para nabi sampun mecakaken badhé rawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. punika terang, kasebut ing lalampahan Para Rasul 3: 21-22 makaten: "Kang mesthi katampèn ing swarga kongsi tumeka jaman pambanguning samubarang kang wus kadhawuhaké dèning Allah asarana lésané sakèhé para nabiné suci, wiwit saka purwaning jaman. Musa iya wus angandika marang para luluhur mangkéné: Pangéran Allahmu bakal anjumenengaké Nabi Siji kaparingaké marang kowé, kang dipiji saka ing panunggalané para sadulurmu, iya kaya aku mangkéné."

firi, lah sayekti kagungané Allah sabarang kang ana ing langit-langit lan bumi; sarta Allah iku Angudanéni, Wicaksana.

فَإِنَّ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ؕ وَكَانَ اللّٰهُ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ﴿١٧٠﴾

171 É, para pandhèrèké Kitab, aja padha langkah ing dalem agamanira, sarta aja angucap (dudu) marang Allah, nanging (angucapa) yekti; Masih, ‘Isa anaké Maryam iku mung utusaning Allah sarta sabda-Né,[652] kang kadhawuhaké marang Maryam sarta sawijining ruh saka Panjenengané;[653] mulané padha angèstu ing Allah sarta para utusan-É, apa déné aja padha angucap: Telu.[654] Padha marènana,

يٰۤاَهْلَ الْكِتٰبِ لَا تَغْلُوْا فِيْ دِيْنِكُمْ وَلَا تَقُوْلُوْا عَلَى اللّٰهِ اِلَّا الْحَقَّ ؕ اِنَّمَا الْمَسِيْحُ عِيْسَى ابْنُ مَرْيَمَ رَسُوْلُ اللّٰهِ وَكَلِمَتُهٗ ۚ اَلْقٰهَاۤ اِلٰى مَرْيَمَ وَرُوْحٌ مِّنْهُ ۫ فَاٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرُسُلِهٖ ۚ وَلَا تَقُوْلُوْا ثَلٰثَةٌ ؕ اِنْتَهُوْا

652. *Kalimah* utawi *sabda,* ing ngriki sami kaliyan *piweca.* Ing dalem Quran Suci asring kémawon tembung wau dipun agem kalayan mengku suraos ingkang makaten punika. Déné sababipun déné Kanjeng Nabi ‘Isa winastan piweca, jalaran wiyosipun Kanjeng Nabi ‘Isa punika cocog kaliyan piweca saking Allah, dados kados déné ingkang kasebut ing dalem hadits Kanjeng Nabi mangandikakaken sariranipun piyambak punika “*dongané ramaku Ibrahim,*” mengku teges, bilih rawuhipun punika anuhoni donganipun Kanjeng Nabi Ibrahim. Kateranganipun ingkang langkung panjang mirsanana 423. Déné tembung *ilqâ’* punika tegesipun warni-warni miturut lésanipun. Manawi lésanipun punika barang ingkang mèlok, ateges: ambalang utawi nguncalaken. Nanging manawi wonten ing ukara القيت اليه خيرا tegesipun *Aku gawé becik marang dhèwèké,* القيت اليه المودة tegesipun: *Aku mènèhi katresnan marang dhèwèké* (TA-LL), tuwin القي الى سره tegesipun: *Dhèwèké medharaké wadi marang aku* (TA ing bab *sirr*). Ukara القيت اليه القول punika ateges: ateges: *Aku nekakaké gunem marang dhèwèké* (Msb-LL). Ukara punika sami kaliyan dhawuh ing ngriki, namung ing dalem dhawuh ngriki lésanipun *kalimah,* boten *qaul,* nanging kalih-kalihipun sami kémawon tegesipun. Walaka *nyawataken* utawi *nguncalaken satunggaling barang,* punika tebih sungsatipun kaliyan tegesipun ingkang sajati tembung wau tumrap ing ukara kados ing dhawuh ngriki punika. Tuwan Sale lan tuwan Rodwell anggènipun negesi: *kang digawakaké marang Maryam,* tuwan Palmer: *kang diuncalaké marang Maryam, kados-kados lésanipun punika barang ingkang melok. Lah teges kados makaten punika tebih kaliyan suraosipun ingkang sajati tembung wau.*

653. Tembung *ruh* punika saged mengku teges salah satunggaling teges warni tiga. *Rauh* lan *ruh,* miturut Az kalih-kalihipun sami ateges *sih-wilasanipun* Allah (LL wonten bab *rauh*). Inggih makaten punika tegesipun tembung wau ingkang asli, tumrap wonten ing dhawuh ingkang saweg karembag punika. *Ruh* ugi ateges *ilham* utawi *wahyuning Pangéran* (Zj, TA, Q-LL). Manawi teges punika dipun anggé, saged nyethakaken suraosing dhawuh كلمته القها الى مريم inggih punika *wéca-Né kang diparingakè marang Maryam.* Déné suraosipun dhawuh wau sadaya: bilih wiyosipun Kanjeng Nabi Isa punika cocog kaliyan piweca lan wedharing pangandikanipun Pangéran. Dipun tegesna *sukma* tembung *ruh* wau, meksa boten lajeng murugaken mengku suraos bilih Kanjeng Nabi ‘Isa punika langkung saking manusa limrah, jalaran Adam punika inggih kapangandikakaken نفخت فيه من روحي ingkang tegesipun: *dhèwèké Ingsun tiyupi ruh-Ingsun.* Nanging wonten katrangan ingkang langkung wigatos malih inggih punika ungel-ungelan ingkang kasebutaken déning LL nalika nerangaken tembung *rauh*

654. *Mirsanana kaca candhakipun.*

iku luwih becik tumrapé sira; Allah iku mung Sesembahan kang Mahatunggal; Mahasuci Panjenengané, ora pisan yèn kagungana putra; samubarang kang ana ing langit-langit lan samubarang kang ana ing bumi iku kagungan-É; lan wis cukup Allah iku minangka pangayoman.

خَيْرًا لَّكُمْ ۚ إِنَّمَا اللّٰهُ إِلٰهٌ وَّاحِدٌ ۖ سُبْحٰنَهٗ
أَنْ يَّكُوْنَ لَهٗ وَلَدٌ ۘ لَهٗ مَا فِي السَّمٰوٰتِ
وَمَا فِي الْأَرْضِ ۗ وَكَفٰى بِاللّٰهِ وَكِيْلًا ﴿١٧١﴾

RUKU' 24

Kanabianipun Kanjeng Nabi 'Isa sarta angger-anggering warisan

172-174. Kanjeng Nabi 'Isa punika kawulaning Allah. 175, 176. Quran punika papadhang sajati. 177. Angger-anggering warisan dipun jangkepi.

172 Ora pisan Masih iku ora sotah dadi kawulaning Allah, mangkono uga para malaikat kang padha kaparek Panjenengané; lan sapa sing ora sotah marang pasuwitan ing Panjenengané sarta gumedhé, bakal padha kaimpun kabèh marang pangayunan-É.

لَنْ يَّسْتَنْكِفَ الْمَسِيْحُ أَنْ يَّكُوْنَ عَبْدًا
لِّلّٰهِ وَلَا الْمَلٰٓئِكَةُ الْمُقَرَّبُوْنَ ۗ وَمَنْ
يَّسْتَنْكِفْ عَنْ عِبَادَتِهٖ وَيَسْتَكْبِرْ
فَسَيَحْشُرُهُمْ إِلَيْهِ جَمِيْعًا ﴿١٧٢﴾

173 Ana déné, para kang padha angèstu sarta anindakaké panggawé becik, iku Panjenengané bakal amaringi ganep ganjarané lan bakal angundhaki lubèring kadarman-É marang dhèwèké; wondéné para kang padha ora sotah sarta gumedhé, Panjenengané bakal niksa dhèwèké kalawan siksa kang nglarani.

فَأَمَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ
فَيُوَفِّيْهِمْ أُجُوْرَهُمْ وَيَزِيْدُهُمْ مِّنْ
فَضْلِهٖ ۚ وَأَمَّا الَّذِيْنَ اسْتَنْكَفُوْا وَاسْتَكْبَرُوْا
فَيُعَذِّبُهُمْ عَذَابًا أَلِيْمًا ﴿١٧٣﴾

---

makaten: احيا الناس بروحه ingkang pamaosipun ingkang leres *ruh* boten *rauh*, tegesipun: (*Allah*) *anggesangi para manusa kalayan ruh-Ipun.* Awit saking punika tembung روح منه ingkang namung saged mengku teges: *ruh saka Panjenengané*, punika ambuktékaken bilih nadyan mengku teges punika pisan tembung wau boten kok mligi namung kagem Kanjeng Nabi 'Isa piyambak, jalaran panjenenganipun punika sanès kok *Sang sabda*-nipun Allah lan *Sang ruh*-ipun Allah, wangsul namung satunggaling *sabda* lan satunggaling *ruh*. Sarta rèhning miturut ungel-ungelan kasebut ing nginggil wau sadaya manusa punika winastan dipun gesangaken déning ruhipun Allah, mila sadaya tiyang, malah inggih sadaya titah, punika menggah ing sajatos-jatosipun sami sabdaning Pangéran. Quran 18: 109 andhawuhaken makaten: "Calathua. Saupama sagara iku minangka mangsi tumrap sabdané Pangéranku, amesthi entèk sagara iku sadurungé entèk sabdaning Pangéranku."

654. Kalayan terang piwulang Tatslits (Triniji) katulak. Pangéran punika boten kok ajèjèr tiga, wangsul namung satunggal: *Allah iku mung Sesembahan kang Mahatunggal.* Wonten ing pundi

174 Lan saliyané Allah dhèwèké ora bakal padha nemu pangayoman *utawa* panulung.

Ar. *iya ora*

وَّلَا يَجِدُوْنَ لَهُمْ مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَلِيًّا وَّلَا نَصِيْرًا ﴿١٧٤﴾

175 É, para manusa! Sayekti wus tumeka marang sira tandha yekti saka Pangéranira sarta Ingsun wus anurunaké marang sira papadhang kang anelahi.

يٰۤاَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَآءَكُمْ بُرْهَانٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَاَنْزَلْنَآ اِلَيْكُمْ نُوْرًا مُّبِيْنًا ﴿١٧٥﴾

176 Ana déné para kang padha angèstu ing Allah sarta agondhèlan ing Panjenengané, amasthi bakal padha dilebokaké ing wilasa tuwin lubèring kadarman saka Panjenengané, sarta Panjenengané bakal nuntun dhèwèké ing dadalan kang bener marang Panjenengané.

فَاَمَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا بِاللّٰهِ وَاعْتَصَمُوْا بِهٖ فَسَيُدْخِلُهُمْ فِيْ رَحْمَةٍ مِّنْهُ وَفَضْلٍ ۙ وَّيَهْدِيْهِمْ اِلَيْهِ صِرَاطًا مُّسْتَقِيْمًا ﴿١٧٦﴾

177 Dhèwèké padha anerang marang sira putusaning angger. Dhawuha: Allah aparing putusan marang sira prakara wong kang ora duwé bapa biyung sapandhuwur sarta anak sapangisor; manawa ana wong mati ora duwé anak lanang lan duwé sadulur wadon siji, (sadulur wadon) iki olèh saparoning barang tinggalan, lan sadulur lanang bakal ngukup warisané sadulur wadon manawa sadulur wadon iki ora duwé anak lanang; ananging manawa sadulur wadon mau loro, iki olèh bagéan rong prateloné barang tinggalan; lan manawa sadulur mau ana lanang wadon, lah pandumaning lanang siji padhané bagéaning wadon loro; Allah anerangaké (iki) marang sira, supaya sira aja padha sasar,

يَسْتَفْتُوْنَكَ ۗ قُلِ اللّٰهُ يُفْتِيْكُمْ فِي الْكَلٰلَةِ ۗ اِنِ امْرُؤٌا هَلَكَ لَيْسَ لَهٗ وَلَدٌ وَّلَهٗۤ اُخْتٌ فَلَهَا نِصْفُ مَا تَرَكَ ۚ وَهُوَ يَرِثُهَآ اِنْ لَّمْ يَكُنْ لَّهَا وَلَدٌ ۗ فَاِنْ كَانَتَا اثْنَتَيْنِ فَلَهُمَا الثُّلُثٰنِ مِمَّا تَرَكَ ۗ وَاِنْ كَانُوْۤا اِخْوَةً رِّجَالًا وَّنِسَآءً فَلِلذَّكَرِ مِثْلُ حَظِّ الْاُنْثَيَيْنِ ۗ يُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمْ اَنْ تَضِلُّوْا ۗ

kémawon Quran Suci boten naté mangandikakaken bilih Tatslits-ipun agami Nasrani punika dumados saking Kanjeng Nabi ‘Isa (Yesus), Siti Maryam lan Gusti Allah, sanajan inggih nyata Quran Suci naté nyebutaken piwulang Rum Katulik bab prakawis manembah dhateng Siti Maryam kasebut ing 5: 116, mirsanana 751.

lan Allah iku Anguningani samubarang.[655]	وَاللّٰهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ﴿١٧٧﴾

655. Angger-angger ingkang kapacak wonten ing ngriki punika jangkepipun angger warisan ingkang sampun kadhawuhaken wonten ing wiwitaning surat punika, sarta kacariyos tumurunipun sampun jaman akhir sanget. Sadhèrèk èstri tuwin sadhèrèk jaler ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika sadhèrèk èstri lan sadhèrèk jaler ingkang nunggil biyung blaka sampun kasebutaken wonten ing ayat 12, mangsuli ngrembag angger-angger warisan kaleres ing sasampunipun mangandikaken bab Kanjeng Nabi 'Isa, punika nélakaken manawi suraosipun ingkang lebet. Sampun cetha bilih sapengkeripun Kanjeng Nabi 'Isa boten wonten nabi ingkang rawuh wonten ing antawisipun titiyang Israil; dados sédanipun Kanjeng Nabi 'Isa, punika menggah ing sajatos-jatosipun andadosaken Bani Israil tinilar tanpa wonten pangagengipun ruhani ingkang jumeneng dados nabi. Awit saking punika, manut angger-angger punika, warisan ruhani kedah dhumawah dhateng pancer sadhèrèk jaler, Pancer Isma'il, inggih punika ingkang tampi warisan wau wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. Lah punika ugi nerangaken dhawuh ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa inggih punika ingkang nerangaken kalayan terang bilih warisan Ruhani kaparingaken wangsul dhateng sadhèrèk jaler titiyang Israil inggih punika titiyang Isma'il: "Yéhuwah Allahmu mesthi bakal anjumenengaké Nabi siji, kapundhut saka ing antaramu, iya saka ing tengahé para sadulurmu, kaya iku mangkono" (Pangandharing Torèt 18: 15). Dados *kapundhut saka ing antaramu,* punika kalayan cetha katerangaken manawi ateges *kapundhut saka ing antaraning sadulurmu,* amargi Kanjeng Nabi Musa sampun uninga bilih ing wekdal sadèrènging rawuhipun nabi ingkang *kados* panjenenganipun, titiyang Israil badhé kécalan wewenangipun tampi warisan karaton ruhani.

آياتها ١٢٠ (٥) سُورَةُ الْمَائِدَةِ مَدَنِيَّةٌ ركوعاتها ١٦

SURAT 5

AL-MAIDAH

(*Tedha*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*16 ruku', 120 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kawajiban ingkang umum.
Ruku' 2. Wajib kedah jejeg.
Ruku' 3. Prajanjian kaliyan para Yahudi lan Nasrani.
Ruku' 4. Para turun Israil sami nerak prajanjian.
Ruku' 5. Para Yahudi dipun paringi pèpènget awoning kadadosanipun anggènipun sakutu adamel palacidra dhateng Kanjeng Nabi.
Ruku' 6. Pidananipun para murang-yakti.
Ruku' 7. Quran, kados pundi sasambetanipun kaliyan kitab ingkang rumiyin-rumiyin.
Ruku' 8. Sasambetanipun para Muslimin kaliyan para mengsah.
Ruku' 9. Para tukang ngérang-érang.
Ruku' 10. Para Nasrani sami kasasar saking yakti.
Ruku' 11. Para Nasrani sami celak kaliyan Islam.
Ruku' 12. Para Muslimin kaparingan pèpènget prakawis tindak dosa pangadatanipun para umat ingkang rumiyin-rumiyin.
Ruku' 13. Boten wonten umat ingkang badhé saged angagru-agru kaamananipun Ka'bah.
Ruku' 14. Lajengipun angger-angger tumrap para Muslimin.
Ruku' 15. Tresnanipun para Nasrani dhateng gesang sapunika punika.
Ruku' 16. Wulangan palsu punika anggèning angwontenaken sasampuning sédanipun Kanjeng Nabi 'Isa a.s.

Nama lan sasambetanipun

Namanipun surat punika mirid saking ayat ingkang nyebutaken panyuwunipun *tedha* para sahabatipun Kanjeng Nabi 'Isa, ingkang kasebutaken wonten ing panggènan mèh wekasanipun surat punika. Rèhning titiyang Nasrani karembag kalayan mligi wonten ing serat punika, mila lalampahan wau dados satunggaling bab ingkang baku wonten ing surat punika. Sanajan ta ingkang karembag punika para Nasrani umumipun. Limrahipun tembung Arab, *mâidah* punika dipun jarwani *méja*; nanging nadyan inggih leres pisan teges punika, meksa namung mengku teges *méja dhahar* kémawon. Saged ugi anggènipun surat punika kanamakaken makaten punika minangka kanggé nélakaken tresnanipun para Nasrani dhateng èca lan sakècanipun gesang sapunika punika.

Sasambetanipun surat punika kaliyan surat ingkang sampun, mèh sami kémawon kaliyan sasambetanipun surat ingkang kaping tiga kaliyan surat ingkang kaping kalih. Surat ingkang kaping 4 ingkang baku ngrembag para lamis; surat ingkang kaping 5 ngrembag para titiyang ingkang kalayan ngeblak mengsahi Islam, namung ing ngriki kaselanan pitedah tumrap para Muslimin. Surat 4 ngrembag bab pambalélanipun para titiyang Yahudi, surat punika ingkang dipun wigatosaken ngrembag tindakipun duraka para Nasrani, ingkang margi saking tresnanipun ingkang tanpa wates dhateng kadonyan; pipilihan kados makaten punika kacethakaken wonten ing péranganipun surat kakalih punika ingkang wingking. Wonten malih sasambetanipun tumrap wekasaning surat 4 kaliyan

wiwitanipun surat 5, inggih punika surat 4 dipun pungkasi kaliyan pratélan bab pangandel Nasrani bab kapangérananipun Kanjeng Nabi ‘Isa, ingkang boten kénging boten mesthi lajeng murugaken lirwa dhateng angger-anggering agami, surat punika wonten ing ayat-ayatipun ingkang wiwitan kalayan mligi ngantebaken wigatosipun kawajiban tumrap manusa mituhu dhateng angger-anggering agami lan prajanjian.

Ingkang kawarsitakaken

Isinipun surat punika ingkang enggel piyambak gagandhèngan kaliyan panerakipun para Yahudi tuwin para Nasrani dhateng prajanjianipun, kanthi sinartan pitutur dhateng para Muslimin supados sami tetep setya dhateng prajanjianipun. Bab prakawis punika kadhawuhaken wonten ing ayat ingkang wiwitan piyambak makaten: “É, kang padha angèstu! padha anuhonana ing prajanjian.” Dhawuh punika lajeng kasambetan ing riricikaning pranatan bab ngibadah haji, bab tetedhan, lan bab tembayatan babrayan kaliyan umat sanès. Ruku’ ingkang kaping kalih, ingkang wigatos dhawuh migatosaken dhateng kawajiban anglenggahi ing katulusan, jejeg lan lurus, punika kénging winastan dados pangatos-atos sampun ngantos tiyang punika ngantos nglirwakaken sifat-sifatipun batos, inggih ingkang mahanani manusa tetep nama manusa, margi kasangetan anggènipun nengen-nengenaken riricikanipun angger-angger. Ruku’ ingkang kaping tiga mangandikakaken sasanggemanipun para Yahudi tuwin para Nasrani, sarta sasampunipun nyasmitakaken anggènipun para Nasrani nerak sasanggemanipun déné sami ngulawisuda manusa wantah dados Pangéran, lajeng mangandikakaken wonten ing ruku’ ingkang kaping sekawan, bab anggènipun para Yahudi sami nerak sasanggemanipun, tur ing kalanipun para Yahudi wau saweg kémawon badhé murwani gesangipun kados satunggaling umat utawi bangsa, salajengipun anerangaken kadadosanipun ingkang awon pambalilanipun wau. Ruku’ ingkang kaping gangsal kawiwitan kalayan piwulang dhateng para Yahudi, inggih punika pandaganipun Qabil, lajeng mèh badhé telas-telasanipun ruku’ nerangaken kanthi cetha pratéla bab siksanipun para Yahudi ingkang sapunikanipun mempeng merangi ing Kanjeng Nabi; bab siksaning dosa panerak makaten punika kalajengakaken pangrembagipun wonten ing ruku’ ingkang kaping nem. Ruku’ ingkang kaping pitu mangandikakaken sasambetanipun wahyu Quran kaliyan wahyu ingkang rumiyin-rumiyin, sarta anerangaken bilih wahyu ingkang pungkasan punika menggah ing sajatos-jatosipun dumunung anjangkepi lan nyampurnakaken wahyu wau sadaya. Ruku’ ingkang kaping wolu paring pèpènget dhateng para Muslimin bab sikepipun mengsahi para titiyang Yahudi lan para titiyang Nasrani tuwin para ingkang sami ambalik saking agaminipun; bab punika dipun lajengakaken malih wonten ing ruku’ sanga, ingkang mangandikaken anggènipun para titiyang wau sami ngérang-érang agami Islam. Ruku’ ingkang kaping sadasa mumucuki rembag bab nyalèwèngipun para Nasrani saking Yakti, ruku’ ingkang kaping sawelas ambuktèkaken bilih Quran punika boten kok lajeng siya-siya dhateng piyambakipun dupèh piyambakipun sami mengsahi Islam, tandhanipun Quran purun ngaosi lembah-manahipun para maratapa miwah para brahmananipun, sarta purun angakeni anggènipun celak kaliyan Islam, manawi Makkiyah wiwitan (19: 88-92); kosokwangsulipun pangalembana dhateng tiyang Nasrani margi katimbang kaliyan para Yahudi tuwin para musyrik. Tigang ruku’ sambetipun mligi tumuju dhateng para angèstu, lan nyasmitakaken anggènipun para Nasrani boten purun maèlu dhateng margi ingkang tengah-tengah punapa déné anggènipun nyerang dhateng para Muslimin. Terangipun, ruku’ ingkang kaping kalihwelas maringi pèpènget dhateng para Muslimin, sapisan sampun ngantos katularan tatacara sawarni kapandhitan, ingkang tundhonipun namung badhé murugaken tiyang nyingkur samukawis dalasan ingkang pancènipun kaidèn, kaping kalihipun ngantos sami migunakaken barang ingkang jember, kadosta ombèn-ombèn ingkang ngendemi, tuwin ngupaya bandha ingkang kalayan margi ingkang boten absah, kadosta ngabotohan, inggih punika tindak dosa warni kalih ingkang kados pangadatanipun bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani, punapa déné andhawuhaken ambangun turut sarta setya ing wajib kedah dipun dadosaken tatalesing tindak ingkang enggel piyambak. Ruku’ ingkang kaping tigawelas kawiwitan kalayan dhawuh, para Muslimin boten kalilan ambedhag dalasan sato galak daratan lan peksi salebetipun wekdal haji, lajeng ngantebaken wigatosing kaamananipun Ka’bah, ambokmanawi kémawon kanthi mengku sasmita ingkang nyasmitakaken rékadayanipun satunggaling bangsa ingkang nganggé agami Nasrani, ingkang ngangkah risakipun Ka’bah wau (mirsanana surat 105), makaten ugi bokmanawi inggih mengku sasmita ingkang mecakaken pangrencananipun bangsa-bangsa ingkang langkung kiyat malih ing wekdal ingkang badhé dhateng. Ruku’ ingkang kaping sekawanwelas nerangaken lajenging pitedah

tumrap para Muslimin, kalayan mligi migatosaken agenging dosanipun nyembah pangéran kathah, ingkang sampun anjalari titiyang Nasrani saya tebih saking yakti, sanajan sami caket kaliyan Islam. Ruku' kakalih ingkang mangka wekasaning surat punika ngrembag agami Nasrani langkung cetha malih, sarwi dhawuh migatosaken, wonten ing ruku' ingkang gangsalwelas, dhateng tresnanipun para Nasrani dhateng gesang ing sapunika punika; para sahabatipun Kanjeng Nabi 'Isa ingkang caket kaliyan panjenenganipun, sami nyuwun dipun paringi rejeki donya ingkang mluwah-mluwah; bokmanawi kémawon inggih punika ingkang lajeng ngumandhang wonten ing donga "Rama kawula," ingkang wigatos nyuwun *rejeki saben dinten* punika; déné ruku' ingkang kaping nembelas, inggih punika ruku' ingkang wekasan piyambak, isi pratélan ingkang wigatos nglepataken kalayan terang gamblang dhateng piwulang bab kapangérananipun Kanjeng Nabi 'Isa, mijil saking pangandikanipun Kanjeng Nabi 'Isa piyambak.

Titimangsa tumurunipun

Manawi katitik saking bab-bab ingkang kados rembag wonten ing surat punika, makaten ugi miturut pamanggihipun para ngulami warni-warni, mèh kénging katamtokaken bilih surat punika menggah ing urut-urutaning tumurunipun, boten prabéda lan urut-urutaning panatanipun, dados candhakipun surat ingkang sampun, sarta ingkang sapérangan ageng katurunaken nalika salebeting taun Hijrah gangsal dumugi pitu. Namung sakedhik sanget ayat ingkang titimangsaning tumurunipun saged dipun tamtokaken kanthi yakin, déné titimangsa ingkang warni-warni ingkang kanggé nitimangsani ayat-ayatipun satunggal-tunggaling surat, punika ingkang kathah namung panginten-inten blaka, boten trep sayektos. Cara ingkang dipun anggé déning para juru nitipriksa golongan Nasrani, upaminipun, ayat-ayat ingkang nglepataken sawenèh piwulang Yahudi saha piwulang Nasrani dipun wastani manawi wontenipun punika nalika sasambetan pulitik kaliyan umat punika sampun nggenting, punika kedah boten dipun anggé. Jalaran menggah ing sajatos-jatosipun, ing wekdal punapa kémawon Quran boten naté nyélaki kasaénan-kasaénan ingkang wonten ing agami kakalih wau, lan inggih boten naté ngrujuki lepat-lepatipun. Minangka tuladha, dhawuh ingkang nglepataken piwulang Nasrani bab Kanjeng Nabi 'Isa kaanggep putraning Pangéran, tur ingkang kalayan tetembungan ingkang sakalangkung pedhes, punika pinanggih wonten ing wahyu lembah manahipun, kasebut wonten ing dhawuh ingkang tumurun ing Madinah jaman akhir, mangka anggènipun mengsahi para Yahudi lan para Nasrani dhateng Islam punika sampun dipun akeni kalayan cetha wonten ing ayat 51; lan ing ngriku kadhawuhaken sareng (nunggil sapanggènan) bilih umat kakalih wau umat ingkang boten saged kaanggep mitra malih déning kaum Muslimin.

Suprandéné ing surat punika wonten ayatipun satunggal, ingkang kagolong ing jaman ingkang langkung akhir katimbang lan ayat-ayatipun surat punika ingkang sabagéan kathah, ingkang titimangsanipun nalika katurunaken punika saged katamtokaken kalayan yakin tur mawi sanget. Inggih punika ayat ingkang angka tiga, ingkang mangandikakaken agami Islam kasampurnakaken. Sampun boten wonten semang-semangipun malih ing sakedhik-kedhika, bilih tumurunipun ayat wau nalika Kanjeng Nabi tindak haji dhateng Makkah ingkang wekasan, nalika taun Hijrah 10. Salajengipun wonten pasaksènipun ingkang cetha awéla-wéla, bilih tumurunipun punika ing nalika tanggal kaping 9 Dzulhijjah ing taun wau, nalika Kanjeng Nabi wonten ing ara-ara 'Arafat. Ayat wau andhawuhaken bilih agami Islam sampun kasampurnakaken, sarta mecakaken bilih Kanjeng Nabi sampun celak kaliyan sédanipun. Punika wigatos sanget, mila ngantos jamanipun Khalifah 'Umar ayat punika misuwur sanget (Bkh). Boten perlu pinaiben bilih ayat sanès-sanèsipun punika inggih saged ugi tumurunipun ing sapengkeripun taun Hijrah 7, nanging rèhning netepaken titimangsa tumrap satunggal-tunggaling ayat punika namung adhadhasar panginten-inten, milanipun langkung prayogi kula boten sisah nindakaken panaliti priksa ingkang sampun genah boten wonten wohipun punika.

RUKU' 1

Kawajiban ingkang umum

1. Anuhoni prajanjian. 2. Kawajiban sasambetan kaliyan babagan minggah haji. 3, 4. Tetedhan ingkang awisan saha sampurnaning agami. 5. Tembayataning babrayan kaliyan sanès Muslim.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 É, para kang padha angèstu! Padha nuhonana ing prajanjian.[656] Rajakaya iku dikenakaké tumrap ing sira, kajaba apa kang kawacakaké marang sira, ora nerak larangan tumrap buron alas nalika sira lagi pinuju *anglakoni haji*;[657] sayekti Allah iku anganggeri sabarang karsa-Né.

Ut. *ihram*

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَوْفُوْا بِالْعُقُوْدِ ۗ اُحِلَّتْ لَكُمْ بَهِيْمَةُ الْاَنْعَامِ اِلَّا مَا يُتْلٰى عَلَيْكُمْ غَيْرَ مُحِلِّى الصَّيْدِ وَاَنْتُمْ حُرُمٌ ۗ اِنَّ اللّٰهَ يَحْكُمُ مَا يُرِيْدُ ﴿١﴾

2 É, para kang padha angèstu! Aja sira padha anerak tandha-tandha kang katetepaké déning Allah,[658] *mangkono uga* sasi suci, lan aja (angarubiru) pisungsung,

Ar. *lan aja*

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تُحِلُّوْا شَعَاۤىِٕرَ اللّٰهِ وَلَا الشَّهْرَ الْحَرَامَ وَلَا الْهَدْيَ وَلَا

656. Ngaosi sarupaning *prajanjian*, *sasanggeman*, *pirukunan*, *janji gotong royong*, *prasetya* tuwin *kasagahan*, ingkang sadaya punika sampun sami kawengku wonten ing tegesipun tembung *'Uqud* (LL), makaten ugi ngaosi sadaya papacaking Pangéran ingkang mangka rumeksa ing kawilujenganipun tiyang satunggal-satunggal tuwin babrayan, punika katemtuan ingkang angka satunggal tumrap pasrawunganipun babrayan. Miturut Zj tembung wau mengku teges *prajanjian sami ugi ingkang dipun tetepaken déning Pangéran* utawi *sasanggeman damelipun manusa* (LL).

657. Awisan ambubujeng nalika wekdal haji, punika kasebutaken wonten ing ruku' 13 gagandhèngan kaliyan bab prakawis kaamananipun Ka'bah, ngantos sato galak pisan saged wilujeng ing nalika wekdal wau punika. Kula aturi mirsani katrangan angka 735.

658. Tembung *sya'âir* punika *jama'*-ipun tembung *sya'îrah*, ingkang ing ngriki ateges *masy'irah*, inggih punika *papanipun satunggaling barang ingkang kajuwara utawi papan kanggé nindakaken upacaraning agami* (TA-LL). Nanging tembung *sya'îrah* lan *syi'ârah* tuwin *syi'ar*, punika ugi kasuraos mengku teges *pratandha* utawi *pandamel nindakaken agami* (LL). Dados *sya'âiru-l-haj* punika *upacaraning agami ingkang kedah katindakaken nalika nglampahi ngibadah haji*. Déné tembung *sya'âirullah* punika warni-warni anggènipun nyuraos, wonten ingkang negesi *sarupaning upacaranipun agami ingkang katetepaken minangka pratandha déning Allah*, utawi miturut Imam Hasan ateges: *agaminipun Allah* (Rz); miturut ngulami sanèsipun malih ateges: *nindakaken upacaraning agami ingkang gagayutan kaliyan ngibadah haji*, kadosta lerem wonten *'Arafât*, mlajeng wonten ing papan antawisipun Shafa lan Marwah tuwin kurban (Zj, TA-LL); utawi ateges *lampah-lampahipun tuwin upacaranipun ngibadah haji saha papan ingkang kanggé nindakaken lampah-lampah tuwin upacara wau* (Bd-LL). Déné menggahipun kula piyambak, tegesipun ingkang sajati punika: *barang ingkang katetepaken déning Allah minangka pratandha*, jalaran teges makaten punika kajawi mengku tegesipun

Ar. *lan aja*

apa déné babanten kang linungsir-lungsir[659] tuwin aja (angarubiru) para kang arep menyang Padaleman Suci angupaya lubèring kadarman sarta pirena saka Pangérané; lan manawa sira wis padha luwar saka ing kawajiban-kawajibané anglakoni haji, lah padha ambuburua, lan aja nganti panggethingé sawijining golongan – déning anggoné padha angalang-alangi sira *lumebu ing* Masjid suci – iku marakaké sira padha angliwati wates, sarta padha tulung-tinulunga ing tindak utama sarta tindak bekti tuwin aja tulung-tinulung ing tindak dosa lan panerak;[660] lan padha di bekti ing Allah, sayekti Allah iku abanget ing pamales (ing laku ala).

الْقَلَائِدَ وَلَا آمِّينَ الْبَيْتَ الْحَرَامَ
يَبْتَغُونَ فَضْلًا مِنْ رَبِّهِمْ وَرِضْوَانًا ۚ
وَإِذَا حَلَلْتُمْ فَاصْطَادُوا ۚ وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ
شَنَآنُ قَوْمٍ أَنْ صَدُّوكُمْ عَنِ الْمَسْجِدِ
الْحَرَامِ أَنْ تَعْتَدُوا ۘ وَتَعَاوَنُوا عَلَى الْبِرِّ
وَالتَّقْوَىٰ ۖ وَلَا تَعَاوَنُوا عَلَى الْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ ۚ
وَاتَّقُوا اللَّهَ ۖ إِنَّ اللَّهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ ﴿٢﴾

3 Dilarangi ingatasé sira: bathang, lan getih, lan daging cèlèng sarta apa kang (pambelèhé) kalawan anebut karana saliyané Allah, lan kang sarana dijiret, lan kang

حُرِّمَتْ عَلَيْكُمُ الْمَيْتَةُ وَالدَّمُ وَلَحْمُ
الْخِنْزِيرِ وَمَا أُهِلَّ لِغَيْرِ اللَّهِ بِهِ وَالْمُنْخَنِقَةُ

ingkang asli, inggih punika: *pratandha*, ugi nyangkup anggènipun merdéni para mufassirin ingkang mawarni-warni wau. Ing Quran Suci redi kakalih Shafa lan Marwah (2: 158) tuwin kurban (22: 36), punika sami sinebut *sya'âirullah*. Ing ngriki sajakipun ingkang dipun karsakaken punika panggènan-panggènan ingkang gagayutan kaliyan nindakaken ngibadah haji, jalaran ingkang tumrap kurban sampun kasebutaken piyambak.

659. Tembung kakalih, *had-ya* tuwin *qalâid* punika sadaya sami mengku teges *kéwan ingkang kanggé kurban ing nalika ngibadah haji.* Tembung ingkang sapisan wau *jama'*-ipun tembung *had-ya,* ateges *barang-barang kagiring* (dhateng nagari Makkah), Déné tembung ingkang angka kalih wau *jama'*-ipun tembung *qiladah,* tegesipun *kalung,* utawi *barang ingkang dipun kalungaken wonten ing guluning kéwan* ingkang kabekta dhateng Makkah minangka pisungsung kanggé kurban (TA-LL), milanipun inggih lajeng *kéwan ingkang linungsir-lungsir* (Rz). Tembung *qalâid* kanggé mastani kéwan ingkang kados makaten wau, punika kanggé mintonaken pangaji-aji ingkang sanget dhateng kéwan wau, jalaran kéwan-kéwan wau sami nganggé tandha ingkang nedahaken bilih kéwan-kéwan wau badhé dipun anggé kurban. Kedah dipun pèngeti bilih ngemungaken unta kémawon ingkang linungsir-lungsir, déné *had-ya* mengku sawarnining kéwan ingkang kanggé pisungsung.

660. Piwulang ingkang kajumenengaken wonten ngriki, bab prakawis tetep nglenggahi adil sanajan lalayanan kaliyan para titiyang ingkang kita gethingi, punika piwulang ingkang boten pinanggih wonten ing pundi kémawon kajawi namung wonten ing dalem Islam. Angger-angger internasional ing tanah Éropah jaman sapunika, ambetahaken sanget dhateng tatalesing katulusan ingkang makaten punika. Awit saking punika mila inggih namung Islam piyambak, ingkang saged dados angger-angger internasional, awit Islam ngarskaken sadaya bangsa kedah kadamel sami pangrengkuhipun.

وَالْمَوْقُوذَةُ وَالْمُتَرَدِّيَةُ وَالنَّطِيحَةُ
وَمَآ أَكَلَ السَّبُعُ إِلَّا مَا ذَكَّيْتُمْ
وَمَا ذُبِحَ عَلَى النُّصُبِ وَأَنْ تَسْتَقْسِمُوا
بِالْأَزْلَامِ ۚ ذَٰلِكُمْ فِسْقٌ ۗ الْيَوْمَ يَئِسَ
الَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ دِينِكُمْ فَلَا تَخْشَوْهُمْ
وَاخْشَوْنِ ۚ الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ
وَأَتْمَمْتُ عَلَيْكُمْ نِعْمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ
الْإِسْلَامَ دِينًا ۚ فَمَنِ اضْطُرَّ فِي
مَخْمَصَةٍ غَيْرَ مُتَجَانِفٍ لِإِثْمٍ ۙ فَإِنَّ
اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿٣﴾

sarana dibandhem sarta kang jalaran kaglundhung, tuwin kang jalaran disundhang, apa déné kang dimangsa ing sato galak, kajaba kang katututan sira belèh,[661] sarta apa kang dibelèh ing watu kinurbanaké brahala[662] lan apa kang sira bagé sarana panah (pamedhar sandi),[663] iki sawijining panerak. Ing dina iki para kang padha kafir cabar pangajapé marang agamanira, mulané aja padha wedi marang dhèwèké lan wedia marang Ingsun. Ing dina iki wus Ingsun sampurnakaké tumrapé sira agamanira lan Ingsun ganepaké ingatasé sira nugraha-Ningsun sarta Ingsun amilihaké sira Islam minangka agama;[664] ananging sapa sing kapeksa déning luwé, ora jaragan tumiyung marang dosa, lah sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

661. Kénging ugi kasuraos ingkang dipun kejawèkaken punika warni gangsal wau sadaya. Tembung lingga *tadhkiyah* punika ateges *angedalaken bentèr ingkang asli saking kodrat*. Manut istilah ateges mragat sacara ingkang sampun katamtokaken (Rgh, TA-LL). Suraosipun dhawuh punika: manawi kéwan ingkang sapérangan sampun kamangsa ing sato galak punika lajeng konangan ing kalanipun taksih gesang, sarta lajeng dipun pragat minurut cara ingkang saleresipun, dagingipun kaidèn (halal dipun tedha).

662. Minurut Ibnu Juraij séla punika séla-séla ingkang dipun pasang wonten ing sakiwa-tengenipun Ka'bah, ingkang miturut tatacara, kéwan ingkang badhé kanggé pisungsung dhateng sawenèh brahala kedah kapragat wonten nginggil séla wau utawi ing sacelakipun, rahipun dipun kepyur-kepyuraken tuwin dagingipun dipun sèlèhaken wonten ing séla wau (Rz). *Nashab* punika ugi ateges *sadhéngah séla ingkang dipun pasang sarta dipun sembah* (Msb-LL).

663. *Istaqsamtuhu,* miturut Rgh ateges: *Aku anjaluk marang dhèwèké supaya ambagé,* sarta panjenenganipun mewahi katrangan makaten: "lajeng tembung wau asring dipun anggé kalayan mengku teges *methèk."* Manawi teges punika ingkang dipun anggé, tembung *azlâm* (ingkang tegesipun wantah *panah ingkang tanpa sirah lan bédhor*) punika ateges panah igkang tanpa sirah kanggé kasukan dhadhu. Tiyang Arab sami nganggé panah ingkang kados makaten wau kanggé ambagé dagingé unta ingkang kapragat ingkang panumbasipun sarana nyambut (LL). Teges punika langkung cocog kaliyan ungeling dhawuh, jalaran dhawuh wau ngawisi ambagé dagingé kéwan ingkang kapragat, kalayan sarana sawenèh panah ingkang sok dipun anggé kasukan ingkang winastan *maisir*. Ing 6: 146 katerangaken bilih mragat kalayan nebut sanèsing asmanipun Allah punika winastan panerak. Ing ngriki katerangakken bilih ambagé sarana panah punika winastan panerak, lah manawi ayat punika dipun cundhukaken kaliyan 6: 146 wau cetha manawi teges ingkang sampun katerangaken ing nginggil wau sampun leres. Ambok manawi kémawon kéwan ingkang kasudhiyakaken kanggé manembah brahala punika manawi sampun kapragat dipun bagé sarana panah. Miturut ngulami sanèsipun malih, tembung *istaqsama* punika ateges: *ngupados seserapan punapa ingkang badhé dhumawah dhateng*

664. *Mirsanana kaca candhakipun.*

4 Wong-wong padha takon marang sira, apa kang dikenakaké tumrap dhèwèké. Dhawuha: Dikenakaké tumrap sira barang kang angresepaké, lan apa kang wis koajaraké ing kéwan galak lan manuk galak, kalawan dilalantih ambededhag – padha sira ajar apa pamulangé Allah marang sira – lah padha sira pangana (buron) olèhé nyekelaké sira iku, sarta ingatasé prakara iku anyebuta asmaning Allah; lan padha di bekti ing Allah; sayekti Allah iku rikat ing pangétung.[665]

يَسْـَٔلُونَكَ مَاذَآ أُحِلَّ لَهُمْ ۖ قُلْ أُحِلَّ لَكُمُ ٱلطَّيِّبَٰتُ ۙ وَمَا عَلَّمْتُم مِّنَ ٱلْجَوَارِحِ مُكَلِّبِينَ تُعَلِّمُونَهُنَّ مِمَّا عَلَّمَكُمُ ٱللَّهُ ۖ فَكُلُوا۟ مِمَّآ أَمْسَكْنَ عَلَيْكُمْ وَٱذْكُرُوا۟ ٱسْمَ ٱللَّهِ عَلَيْهِ ۖ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿٤﴾

5 Ing dina iki dikenakaké tumrap ing sira sabarang kang ngresepaké, sarta pangané para kang padha kaparingan Kitab iku kena tumrap ing sira lan panganira

ٱلْيَوْمَ أُحِلَّ لَكُمُ ٱلطَّيِّبَٰتُ ۖ وَطَعَامُ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ حِلٌّ لَّكُمْ وَطَعَامُكُمْ

badanipun asarana *azlâm*. Terangipun manawi wonten satunggaling tiyang badhé kekésahan, utawi badhé émah-émah, utawi badhé nindakaken prakawis ageng, piyambakipun nglepasaken panah, panah ingkang satunggal sineratan: "Pangéranku andhawuhi aku," satunggalipun dipun serati: "Pangéranku nglarangi aku," déné panah ingkang angka tiga kothongan (tanpa seratan). Piyambakipun nerusaken punapa nyandèkaken barang ingkang dipun kajengaken wau, miturut panah ingkang pundi ingkang ingkang méncok: manawi ingkang méncok punika panah ingkang kothongan, lajeng dipun ambali malih (Rz). Teges punika katerangaken wonten ing margin.

664. Bukti ingkang saking jawi ingkang nedahaken bilih tumuruning ayat punika sampun jaman akhir, punika sampun katerangaken wonten ing purwaka ingkang minangka katranganing surat punika. Suraosing ayat punika piyambak sampun nedahaken bilih tumurunipun punika mesthi nalika ngajengaken wekasaning sugengipun Kanjeng Nabi, awit saking punika sadaya para ngulami sami mastani bilih ing sasampunipun ayat punika boten wonten dhawuh ingkang tumurun malih. Kanjeng Nabi séda let wolungdasa satunggal utawi wolungdasa kalih dinten ing sasampunipun tumuruning ayat punika (Rz). ayat punika dados tandha ingkang terang ing kasampurnanipun agami wonten ing dalem Islam, ing kitab utawi agami sanès boten wonten ingkang ngaken makaten punika. Awit saking punika mila inggih Kanjeng Nabi Muhammad saw, punika wekasanipun para nabi, jalaran ing rèhning agami punika sampun kasampuranakaken, mila ing sapengkering panjenenganipun inggih sampun boten ambetahaken wontenipun nabi malih.

665. Kéwan ingkang pejah kabujeng ing kéwan galak utawi peksi galak ingkang dipun wuruki ambujeng, punika halal (kaidèn). Nanging nalika ngeculaken kéwan galak utawi peksi wau kapurih ambujeng, kedah mawi nyebut asmanipun Allah. Kéwan ingkang pejah sarana kapanah utawi kasanjata, punika inggih kaidèn, waton netepi uger ingkang makaten wau. Tumrap prakawis warni kalih punika, kéwan ingkang kabujeng wau manawi nalika kacepeng déning tiyang ingkang ambedhag dèrèng pejah, kedah dipun pragat; déné manawi sampun pejah, punapa wontenipun halal. Wonten pamanggih warni-warni kados pundi hukumipun, manawi kéwan galak wau anjuwing-juwing sarta nedha sapérangan kéwan ingkang kabujeng wau. Sawenèh gadhah pamanggih, manawi kados makaten punika lajeng boten halal katedha (Rz).

حِلٌّ لَّهُمْ ۖ وَالْمُحْصَنَٰتُ مِنَ الْمُؤْمِنَٰتِ
وَالْمُحْصَنَٰتُ مِنَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَٰبَ
مِن قَبْلِكُمْ إِذَا آتَيْتُمُوهُنَّ أُجُورَهُنَّ
مُحْصِنِينَ غَيْرَ مُسَٰفِحِينَ وَلَا مُتَّخِذِي
أَخْدَانٍ ۗ وَمَن يَكْفُرْ بِالْإِيمَٰنِ فَقَدْ
حَبِطَ عَمَلُهُۥ وَهُوَ فِي الْآخِرَةِ مِنَ
الْخَٰسِرِينَ ﴿٥﴾

kena tumrap dhèwèké;[666] lan para wong wadon mukmin kang kereksa sarta para wong wadon kereksa golongané para kang padha kaparingan Kitab ing sadurungira[667] (iku kena tumrapé ing sira), manawa sira bayar mas-kawiné, asosomahan, dudu alaku bandrèk sarta ora alaku bedhang dhedhelikan; lan sapa sing angemohi iman,[668] lah temen panggawéné muspra, lan ana ing akhirat kagolong wong kang padha kapitunan.

666. Ing ngriki tuwuh pitakènan, punapa tetedhanipun para ingkang sami kaparingan Kitab ingkang kaidèn punika kalebet ugi tetedhan, ingkang kalayan cetha kadhawuhaken wonten ing panggènan sanès dados tetedhan awisan, upamanipun ingkang kasebut wonten ing ayat 3 tuwin sanès-sanèsipun. Jawabipun pitakèn punika: boten. Barang ingkang kalayan cetha sampun kaawisan, boten saged dados kaidèn namung margi tetedhan wau asli saking tiyang Yahudi utawi tiyang Nasrani, nanging tumrapipun kéwan ingkang dipun pragat déning tiyang Yahudi utawi tiyang Nasrani, boten wonten pamanggih warni kalih, sadaya nganggep halal, kajawi manawi anggènipun tiyang Nasrani mragat kéwan wau kanthi nyebut asmanipun Kanjeng Nabi ‘Isa, lah kéwan wau haram katedha miturut imam ingkang misuwur titiga, inggih punika Imam Abu Hanifah, Imam Malik lan Imam Syafi’ie, jalaran Kanjeng Nabi ‘Isa ingkang kasebut nalika mragat kéwan wau sanès Allah; nanging menggahipun Imam ‘Ata, Makhûl, Hasan, Syi’bi tuwin Imam Sa’id kéwan wau halal, jalaran punika tedhanipun para ingkang sami kaparingan Kitab (Rz).

667. Ing dalem babagan punika, angger-angger Yahudi lan angger-angger Nasrani nama sanès tandhingipun manawi katandhing kaliyan angger-anggering agami Islam. Ing dalem Islam sésémahan kaliyan tiyang nembah brahala dipun awisi babar pisan (2: 221), nanging tumrap kaliyan tiyang ingkang agaminipun adhadhasar kitab ingkang kawahyokaken, dipun kéngingaken sésémahan, namung kémawon mawi winatesan, ingkang dipun kéngingaken wau: tiyang èstri sanès agami dipun pendhet sémah tiyang jaler Islam. Ngémah-émahaken tiyang èstri Islam kaliyan tiyang jaler pandhèrèking agami sanès, dipun awisi. Jalaran tiyang èstri ingkang kagolong dhateng agami sanès wau mesthi badhé seneng gesangipun wonten ing balegriyanipun tiyang Islam, sabab angsal wewenang lan hak kados déné ingkang kaparingaken déning Islam dhateng titiyang èstri; nanging tiyang èstri Islam wonten ing balégriyanipun tiyang sanès agami, badhé wonten ing salebeting kawontenan rekaos, jalaran badhé kécalan wewenang-wewenang ingkang pancènipun dados hakipun manawi tetep wonten ing babrayan Muslim. Prayogi katerangaken pisan bilih angger-angger ingkang kadhawuhaken ing ngriki, punika boten kawatesan ngemungaken kaliyan titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani kémawon, nanging kalebet ugi pandhèrèking sadaya agami ingkang adhadhasar wahyu. Milanipun déning para sahabatipun Kanjeng Nabi angger-angger punika ugi dipun tumrapaken dhateng titiyang Pérsi punapa.

Déné angger-angger Yahudi ingkang boten mawi wonten ingkang dipun kejawèkaken punika, mirsanana Pangandharing Torèt 7: 3 makaten: “Aja bebésanan uga karo bangsa iku, anakmu wadon aja kodhaupaké olèh anaké lanang, sarta anaké wadon iya aja koalap kagawé bojoné anakmu lanang.” Paulus ugi manut dhateng angger-angger Yahudi: “Aja padha narik pasangan kang gèsèh rinakit karo wong kang ora pracaya, sabab ana babathon apa ing antarané kabeneran lan duraka, tuwin ana patunggalan apa ing antarané papadhang lan pepeteng?” (II Korintus 6: 14).

668. *Ngemohi iman* punika warni-warni katranganipun. Sawenèh wonten ingkang negesi *ngemohi Allah;* sawenèh malih negesi *ngemohi ing kasawijènipun Allah; sanèsipun* malih gadhah pamanggih *iman,* punika ingkang dipun karsakaken *wahyu Quran.* Déné manawi mawi teges ingkang kasebut

RUKU' 2

Wajib kedah jejeg

6. Salat sarta anggènipun sediya. 7-10. Para Muslimin kedah tetep setya ing adil. 11. Tindakipun para Yahudi ingkang boten adil.

6 É, para kang padha angèstu!
Manawa sira padha ngadeg arep
salat, padha angumbaha rai-rainira
lan tangan-tanganira tumeka sikut
lan angusapa sirah-sirahira sarta
(angumbaha) sikil-sikilira tumeka
polok; lan manawa sira pinuju
a. 578 katetep wajib adus grujug[a] lah
padha susucia; lan manawa sira
pinuju lara utawa lulungan, utawa
(manawa) salah sawijinira mentas
teka saka ing jumbleng, utawa
(manawa) sira mentas anggrayang
b. 580 wong wadon,[b] mangka sira padha
ora bisa éntuk banyu, lah padha
anganggoa lebu kang suci, banjur
iku padha usapna ing rai-rainira lan
c. 581 tangan-tanganira;[c] Allah ora ngar-
sakaké agawé kangèlan tumrap
marang sira, ananging angarsakaké
supaya sira padha sucia lan supaya
ganep nugraha-Né marang sira,
supaya sira padha syukur.

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا قُمْتُمْ اِلَى الصَّلٰوةِ
فَاغْسِلُوْا وُجُوْهَكُمْ وَاَيْدِيَكُمْ اِلَى الْمَرَافِقِ
وَامْسَحُوْا بِرُءُوْسِكُمْ وَاَرْجُلَكُمْ اِلَى
الْكَعْبَيْنِ ۗ وَاِنْ كُنْتُمْ جُنُبًا فَاطَّهَّرُوْا ۗ وَ
اِنْ كُنْتُمْ مَّرْضٰٓى اَوْ عَلٰى سَفَرٍ اَوْ جَآءَ اَحَدٌ
مِّنْكُمْ مِّنَ الْغَآئِطِ اَوْ لٰمَسْتُمُ النِّسَآءَ فَلَمْ
تَجِدُوْا مَآءً فَتَيَمَّمُوْا صَعِيْدًا طَيِّبًا
فَامْسَحُوْا بِوُجُوْهِكُمْ وَاَيْدِيْكُمْ مِّنْهُ ۗ
مَا يُرِيْدُ اللّٰهُ لِيَجْعَلَ عَلَيْكُمْ مِّنْ حَرَجٍ
وَّلٰكِنْ يُّرِيْدُ لِيُطَهِّرَكُمْ وَلِيُتِمَّ نِعْمَتَهٗ
عَلَيْكُمْ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ۝٦

7 Lan padha diagem élinga
nugrahaning Allah marang sira
sarta padha prajanjian-É kang
Diagem uger-ugerira, nalikané sira
padha matur: Kawula sampun sami
mireng saha kawula sami amba-
ngun-turut; lan padha di bekti ing
Allah; sayekti Allah iku anguni-
Ar. *dhadha-dhadha* ngani saisining *ati*.[669]

وَاذْكُرُوْا نِعْمَةَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ وَمِيْثَاقَهُ
الَّذِيْ وَاثَقَكُمْ بِهٖٓ ۙ اِذْ قُلْتُمْ سَمِعْنَا
وَاَطَعْنَا ۡ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ عَلِيْمٌۢ
بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ۝٧

kantun piyambak wau, kacariyos ingkang dipun karsakaken punika dhawuh kenceng bab prakawis sésémahan kaliyan para ingkang gadhah cecepengan kitab wau.

669. Limrahipun dipun suraos manawi ingkang dipun karsakaken ing pangandika punika prasetyanipun titiyang Madinah nalika wonten ing *Aqabah,* nanging langkung mèmper manawi ingkang dipun karsakaken punika prasetya ing Hudaibiyah, inggih punika lalampahan ingkang langkung kantun malih, ingkang bab punika ugi kapangandikaken déning Quran Suci ing 48: 10 tuwin 18.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ كُونُوا۟ قَوَّٰمِينَ لِلَّهِ
شُهَدَآءَ بِٱلْقِسْطِ ۖ وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ شَنَـَٔانُ
قَوْمٍ عَلَىٰٓ أَلَّا تَعْدِلُوا۟ ۚ ٱعْدِلُوا۟ هُوَ أَقْرَبُ
لِلتَّقْوَىٰ ۖ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ خَبِيرٌۢ بِمَا تَعْمَلُونَ ﴿٨﴾

8 É, para kang padha angèstu! Di padha jejeg maring Allah,
d. 633 apasaksi kalawan tulus,[d] lan pang-
gethingé sawijining golongan iku
aja nganti anjalari sira padha
e. 660 atindak ora adil;[e] padha atindaka
adil, iku luwih parek marang bekti; lan padha di bekti ing Allah; sayekti Allah iku Waspada marang apa kang padha sira lakoni.

وَعَدَ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ ۙ
لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَأَجْرٌ عَظِيمٌ ﴿٩﴾

9 Allah wis anyagahi para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, bakal padha olèh pangapura sarta ganjaran kang gedhé.

وَٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَكَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَآ
أُو۟لَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلْجَحِيمِ ﴿١٠﴾

10 Lan para kang padha kafir sarta anggorohaké timbalan-timbalan-Ingsun, iki padha mitraning geni murub.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱذْكُرُوا۟ نِعْمَتَ ٱللَّهِ
عَلَيْكُمْ إِذْ هَمَّ قَوْمٌ أَن يَبْسُطُوٓا۟ إِلَيْكُمْ
أَيْدِيَهُمْ فَكَفَّ أَيْدِيَهُمْ عَنكُمْ ۖ وَٱتَّقُوا۟
ٱللَّهَ ۚ وَعَلَى ٱللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ ٱلْمُؤْمِنُونَ ﴿١١﴾

11 É, para kang padha angèstu! Padha élinga nugrahaning Allah marang sira, nalikané sawijining
Ar. *angulur tangan-tangané* golongan anetepaké sedya *anibakaké tangané* marang sira, tumuli Panjenengané angéndhakaké tangané saka ing sira; lan padha di bekti ing Allah; mulané marang Allah kuduné suméndhéné para kang padha angèstu.[670]

RUKU' 3

Prajanjian kaliyan para Yahudi lan Nasrani

12, 13. Prajanjian kaliyan para Yahudi. 14-16. Prajanjian kaliyan para Nasrani. 17-19. Kanjeng Nabi 'Isa punika boten sanès namung manusa.

670. Bab prakawis mengsah-mengsahipun Islam tansah arékadaya badhé nyédani Kanjeng Nabi tuwin badhé numpes kaum Muslimin, punika sampun marambah-rambah katindakaken, ngantos manawi badhé kasebutaken ing ngriki mesthi badhé keroncèn sanget. Terang bilih ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika, bab prakawis anggènipun para titiyang Quraisy tuwin para sarajanipun sadaya sami tansah rékadaya numpes babrayan Muslimin. Nanging para mufassir sami gadhah pamanggih bilih ingkang dipun karsakaken punika khusus anggènipun Bani Nadlir badhé nyédani Kanjeng Nabi (Rz).

12 Lan sayekti temen Allah wus mundhut janjiné para turun Israil[a] lan ana rolas sing Ingsun degaké dadi lulurah;[671] lan Allah angandika: sayekti Ingsun anyartani sira; manawa sira padha anjumenengaké salat sarta ambayar zakat tuwin padha angèstu ing para utusan-Ingsun apa déné padha angréwangi dhèwèké, lan padha angunjukaké ing Allah pisungsung kang luhung,[a] sayekti temen Ingsun bakal angalingi ing sira saka panggawé-panggawénira kang ala, lan sayekti temen sira bakal padha Ingsun lebokaké ing patamanan kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili; lah sapa ing antaranira kang angafiri sawisé mangkono iku, temen kasasar saka dalan kang bener.[672]

a. 69
a. 321
b. 582
Ar. *ngisoré*

وَلَقَدْ أَخَذَ اللَّهُ مِيثَاقَ بَنِي إِسْرَائِيلَ
وَبَعَثْنَا مِنْهُمُ اثْنَيْ عَشَرَ نَقِيبًا ۖ وَقَالَ
اللَّهُ إِنِّي مَعَكُمْ ۖ لَئِنْ أَقَمْتُمُ الصَّلَاةَ وَ
آتَيْتُمُ الزَّكَاةَ وَآمَنْتُمْ بِرُسُلِي وَعَزَّرْتُمُوهُمْ
وَأَقْرَضْتُمُ اللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا لَأُكَفِّرَنَّ
عَنْكُمْ سَيِّئَاتِكُمْ وَلَأُدْخِلَنَّكُمْ جَنَّاتٍ
تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۚ فَمَنْ كَفَرَ بَعْدَ
ذَٰلِكَ مِنْكُمْ فَقَدْ ضَلَّ سَوَاءَ السَّبِيلِ ﴿١٢﴾

13 Ananging, amarga saka anggoné padha anyidrani prajanjiané, padha Ingsun bendoni sarta atiatiné padha Ingsun dadèkaké atos; padha angowahi tembung-tembung saka ing panggonané,[b] lan padha anglirwakaké sapérangané kang dianggo angélingaké dhèwèké; lan sira bakal tansah amanoni palacidrané, kajaba ana sathithik sing ora; mulané padha sira puwunga lan padha singkirana; sayekti Allah iku remen marang wong kang padha agawé becik (ing liyan).

فَبِمَا نَقْضِهِمْ مِيثَاقَهُمْ لَعَنَّاهُمْ وَجَعَلْنَا
قُلُوبَهُمْ قَاسِيَةً ۖ يُحَرِّفُونَ الْكَلِمَ عَنْ
مَوَاضِعِهِ ۙ وَنَسُوا حَظًّا مِمَّا ذُكِّرُوا بِهِ ۚ
وَلَا تَزَالُ تَطَّلِعُ عَلَىٰ خَائِنَةٍ مِنْهُمْ إِلَّا
قَلِيلًا مِنْهُمْ ۖ فَاعْفُ عَنْهُمْ وَاصْفَحْ ۚ إِنَّ
اللَّهَ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ ﴿١٣﴾

671. Anèh sanget anggènipun nerangakaen tuwan Rodwell dhateng dhawuh punika, criyosipun Kanjeng Nabi "damel-damel bab panuntuning taler kalihwelas" ing mangka punika kalayan terang kasebutaken namanipun wonten ing Wicalan 1: 5-15, malah ing ayat 16 sami sinebut: *padha panggedhéné taler-talering para luluhur*; kajawi punika ing ayat 44 kasebutaken: "*akanthi para panggedhéné Israil*, *wong rolas*." Salajengipun, ing Wicalan 13: 3-15 ugi nyebutaken para *pangagengipun* Bani Israil kalihwelas ingkang sami kautus nelik dhateng tanah Kanaan.

672. Pratélan bab kawontenanipun nagari wau ing ngandhap punika, pratélanipun Yusa' lan Kaleb dhateng titiyang Israil. Makaten: "Manawa ana parengé Yéhuwah marang kita, mesthi, kalakon padha diirid lumebu ing tanah iku, sarta tanahé diparingaké marang kita, sanyata iku tanah kang lubèr puwan

14 Lan marang para kang padha angucap: Aku iki Nasrani, Ingsun iya wus amundhut sasanggemané,[673] ananging padha anglirwakaké sapérangané kang dianggo angélingaké dhèwèké; mulané Ingsun andadèkaké mumungsuhan lan gething-gethingan antarané dhèwèké tumeka dina kiyamat; lan Allah bakal aparing weruh apa kang wus padha dilakoni.[674]

وَمِنَ الَّذِينَ قَالُوا إِنَّا نَصَارَىٰ أَخَذْنَا
مِيثَاقَهُمْ فَنَسُوا حَظًّا مِمَّا ذُكِّرُوا بِهِ
فَأَغْرَيْنَا بَيْنَهُمُ الْعَدَاوَةَ وَالْبَغْضَاءَ إِلَىٰ
يَوْمِ الْقِيَامَةِ ۚ وَسَوْفَ يُنَبِّئُهُمُ اللَّهُ
بِمَا كَانُوا يَصْنَعُونَ ﴿١٤﴾

15 É, para pandhèrèking Kitab! Temen wus tumeka marang sira utusan-Ingsun, anerangaké marang sira sapirang-pirang prakara saka ing Kitab kang padha sira umpetaké lan amuwung sapirang-pirang (manèh liyané);[675] temen wis tumeka marang sira papadhang lan Kitab kang terang saka ing Allah;[676]

يَا أَهْلَ الْكِتَابِ قَدْ جَاءَكُمْ رَسُولُنَا
يُبَيِّنُ لَكُمْ كَثِيرًا مِمَّا كُنْتُمْ تُخْفُونَ
مِنَ الْكِتَابِ وَيَعْفُو عَنْ كَثِيرٍ ۚ قَدْ جَاءَكُمْ
مِنَ اللَّهِ نُورٌ وَكِتَابٌ مُبِينٌ ﴿١٥﴾

lan maduné" (Wicalan 14: 8).

673. "Isih kari akèh prakara kang perlu dakwarahaké ing kowé, mangka saiki kowé padha durung gadug nampani, nanging sarawuhé kang kasebut mau, iya iku rohing kayektèn, iku bakal dadi panuntunmu marang sajroning kasampurnané kayektèn. Déné mungguh pamangsité iku bakal ora ana kang saka karsané piyambak, mung apa sapamiyarsané iku kang bakal diwangsitaké, sarta kowé diparingi sumurup kahanan ing bésuké" (Yuhanan 16: 12, 13). Karatoning Allah ingkang sok asring kasebutaken wonten ing kitab-kitab Injil, punika boten sanès kajawi inggih karaton ruhani ingkang dipun jumenengaken déning Kanjeng Nabi, déné Injil, punika menggah ing sajatos-jatosipun namung dumunung dados pawartos bibingah ing bab badhé rawuhipun.

674. Piweca bilih tansah badhé wonten memengsahan lan gething-gethingan wonten ing antawisipun umat Nasrani ingkang mawarni-warni, punika kabuktèn saèstu wonten ing saben jaman, sarta boten wonten ingkang ngungkuli cethanipun kaliyan nalika jaman perang Éropah ing jaman ingkang kita idaki punika. Para umat Nasrani wau sagedipun badhé manggih rahayu lan karukunan ngemungaken manawi sami purun nampèni agami Islam.

675. Kathah sanget kasunyatan ingkang ical saking tanganipun para Yahudi lan para Nasrani, jalaran kitabipun sami nandhang risak. Sawenèhipun, inggih punika ingkang tansah kabetahaken, kawahyokaken wonten ing Qur'an Suci, nanging sanèsipun malih, ingkang anggènipun kaparingaken dhateng para titiyang wau namung kanggé nyekapi kabetahanipun jaman nalika kaparingaken wau, ing sapunikanipun sampun boten kabetahanipun malih. Utawi ingkang dipun karsakaken punika piweca-piweca badhé rawuhipun Kanjeng Nabi, jalaran Kitab Quran namung nyebutaken sakedhik.

676. Ing ngriki Kanjeng Nabi kasebut *papadhang*, jalaran panjenenganipun punika ingkang nuntun manusa saking salebetipun pepeteng dhateng papadhang, kados déné ingkang kasebutaken ing ayat candhakipun. Saged ugi ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika, anggènipun niyati Kanjeng Nabi 'Isa ing sariranipun Kanjeng Nabi, ingkang mungel makaten: *iku bakal dadi panuntunmu marang sajroning kasampurnané kayektèn.*

16 Iku diagem déning Allah anuntun sapa sing miturut pirena-Né marang dadalaning karahayon, lan angedalaké dhèwèké saka ing pepeteng marang papadhang kalawan kapareng-É, lan anuntun dhèwèké marang dadalan kang bener.

يَهْدِي بِهِ اللَّهُ مَنِ اتَّبَعَ رِضْوَانَهُ
سُبُلَ السَّلَامِ وَيُخْرِجُهُم مِّنَ الظُّلُمَاتِ
إِلَى النُّورِ بِإِذْنِهِ وَيَهْدِيهِمْ إِلَىٰ
صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ١٦

17 Sayekti temen kafir para kang padha acalathu: Sayekti, Allah, Panjenengané iku Masih putraning Maryam. Dhawuha: Lah sapa ta sing bakal kawasa nulak sathithik baé, manawa Panjenengané karsa angrusak Masih putrané Maryam dalah ibuné sarta sapa-sapa kang ana ing bumi kabèh baé?[677] Lan kagungané Allah karatoning langit-langit lan bumi iku dalah apa kang ana ing antarané; Panjenengané anitahaké apa sakarsané; lan Allah iku marang samubarang kawasa.

لَقَدْ كَفَرَ الَّذِينَ قَالُوا إِنَّ اللَّهَ هُوَ
الْمَسِيحُ ابْنُ مَرْيَمَ ۚ قُلْ فَمَن يَمْلِكُ
مِنَ اللَّهِ شَيْئًا إِنْ أَرَادَ أَن يُهْلِكَ الْمَسِيحَ
ابْنَ مَرْيَمَ وَأُمَّهُ وَمَن فِي الْأَرْضِ
جَمِيعًا ۗ وَلِلَّهِ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ
وَمَا بَيْنَهُمَا ۚ يَخْلُقُ مَا يَشَاءُ ۚ وَاللَّهُ
عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ١٧

18 Lan para Yahudi lan Nasrani padha calathu: Aku iki padha putraning Allah sarta kakasih-É. Dhawuha: Yagéné Panjenengané aniksa ing kowé amarga saka kaluputanmu?[678] Balik sira iku padha manusa, èwoning titah;

وَقَالَتِ الْيَهُودُ وَالنَّصَارَىٰ نَحْنُ أَبْنَاءُ
اللَّهِ وَأَحِبَّاؤُهُ ۚ قُلْ فَلِمَ يُعَذِّبُكُم
بِذُنُوبِكُم ۖ بَلْ أَنتُم بَشَرٌ مِّمَّنْ خَلَقَ ۚ

677. Tegesipun: Kanjeng Nabi ‘Isa tuwin ingkang ibu, Siti Maryam, tuwin sadaya ingkang sami wonten ing bumi, punika sami kémawon, sami déné sampun séda; milanipun Kanjeng Nabi ‘Isa punika inggih manusa limrah, sanès Allah, jalaran saupami panjenenganipun punika Allah, sayekti panjenenganipun punika boten saged séda. *In* punika tarkadhang sok ateges, *idh*, jawinipun *nalika* (Mgh-LL).

678. Angger-anggering Pangéran: awon badhé tinungka ing kawusanan awon wonten ing donya punika, punika boten kénging boten mesthi tumindak ing sasampunipun rawuhipun Kanjeng Nabi Musa utawi Kanjeng Nabi ‘Isa, milanipun inggih boten wonten sabab satunggal punapa ingkang murugaken angger-angger punika boten tumindak wonten ing gesang sasampuning pejah. Éwadéné manawi kaparanyata para Yahudi lan para Nasrani punika kakasihipun Allah, yekti dosanipun boten murugaken angsal siksa kados déné ingkang kasandhang nalika wonten ing donya punika, saya malih ing gesang sasampuning pejah, jer miturut pangakenipun, para titiyang wau boten badhé kapatrapan siksa. Dhawuh punika mengku bantah ingkang terang dhateng piwulang bab panebusing dosa. Sanajan tiyang Nasrani pitados dhateng panebusing dosa, éwadéné manawi wontenipun ing donya ngriki kémawon piyambakipun boten saged luwar saking angger-anggering Pangéran bab pidananipun piawon, lah punapa malih bénjing ing gesang sasampunipun pejah, yèn sageda sami wilujeng saking punika.

يَغْفِرُ لِمَنْ يَّشَآءُ وَيُعَذِّبُ مَنْ يَّشَآءُ ۭ وَلِلّٰهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۡ وَاِلَيْهِ الْمَصِيْرُ ﴿١٨﴾

Panjenenangé iku angapura marang sapa sing dadi karsa-Né sarta aniksa sapa sing dadi karsa-Né;[679] lan kagungané Allah karatoning langit-langit lan bumi iku dalah apa kang ana ing saantarané, lan marang Panjenenganė pantoging paran iku.

يٰٓاَهْلَ الْكِتٰبِ قَدْ جَآءَكُمْ رَسُوْلُنَا يُبَيِّنُ لَكُمْ عَلٰى فَتْرَةٍ مِّنَ الرُّسُلِ اَنْ تَقُوْلُوْا مَا جَآءَنَا مِنْۢ بَشِيْرٍ وَّلَا نَذِيْرٍ ۡ فَقَدْ جَآءَكُمْ بَشِيْرٌ وَّنَذِيْرٌ ۭ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿١٩﴾

19 É, para pandhèrèking Kitab! Temen wis tumeka marang sira utusan-Ingsun, anerangaké marang sira ing sabubaring komplangé para utusan,[680] supaya sira ora bakal padha angucap: Ora ana juru-warta bubungah lan juru-pépéling kang tumeka marang aku kéné. Mulané temen, wis tumeka marang sira juru-warta bubungah sarta juru-pépéling; lan Allah iku marang samubarang kawasa.

RUKU' 4

Titiyang Israil sami nerak prajanjian

20, 21. Kanjeng Nabi Musa adhawuh ngangseg dhateng Tanah Suci. 22-24. Titiyang sami mopo. 25, 26. Pidananipun.

وَاِذْ قَالَ مُوْسٰى لِقَوْمِهٖ يٰقَوْمِ اذْكُرُوْا نِعْمَةَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ اِذْ جَعَلَ فِيْكُمْ اَنْۢبِيَآءَ

20 Lan nalikané Musa calathu marang kaumé: O, kaumku! Padha élinga nugrahaning Allah marang kowé, nalikané Panjenenganė andadèkaké para nabi ana ing

679. Dhumawahing pangapunten lan pidana, punika miturut angger-anggering Pangéran; panebusipun Kanjeng Nabi 'Isa kados pangandelipun para Nasrani punika, boten saged ngéwahi tumindakipun angger-angger wau.

680. Rawuhipun nabi Agung ing tanah Arab, punika sampun let pinten-pinten abad kaliyan rawuhipun nabi-nabi ingkang rawuh wonten ing nagari pundi kémawon. Boten wonten bangsa satunggal kémawon ing saindhenging jagad punika, ingkang ngaken bilih wonten nabi ingkang rawuh ing wekdal antawisipun jaman rawuhipun Kanjeng Nabi 'Isa lan Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. Jagad ing wekdal wau kénging kacandra kados déné sadhiya-sadhiya, inggih punika sadhiya-sadhiya badhé mapag rawuhipun agung-agunging para Nabi, inggih punika ingkang badhé jumeneng dados utusan tumrap sadaya bangsa ing jagad punika. Punika sababipun, déné ing antawisipun sadaya umat komplang boten wonten nabi ingkang rawuh. Langkung-langkung malih kitab sucinipun sadaya bangsa punika sampun sami éwah, nalisir saking aslinipun, milanipun rawuhipun Kanjeng Rasul Muhammad saw. punika mawi dipun pupucuki kalayan komplanging babar pisan kautusipun para utusan.

antaramu sarta andadèkaké para ratu marang kowé apa déné amaringi kowé barang kang ora kaparingaké marang para bangsa siji-sijia:[681]

وَجَعَلَكُمْ مُّلُوكًا ۖ وَّاٰتٰىكُمْ مَّا لَمْ يُؤْتِ
اَحَدًا مِّنَ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٢٠﴾

21 O, kaumku! Padha malebua Tanah Suci, kang wus *tinamtu* ing Allah dadi bagéanira, sarta aja padha ambalik ing gegerira, mundhak sira padha *dadi* wong kapitunan.

Ar. *tinulis*

Ar. *bali*

يٰقَوْمِ ادْخُلُوا الْاَرْضَ الْمُقَدَّسَةَ الَّتِيْ
كَتَبَ اللّٰهُ لَكُمْ وَلَا تَرْتَدُّوْا عَلٰٓى
اَدْبَارِكُمْ فَتَنْقَلِبُوْا خٰسِرِيْنَ ﴿٢١﴾

22 Dhèwèké padha calathu: O, Musa! saèstu, ing nglebetipun wonten tiyangipun ingkang sami prakosa, lan saèstu kula boten badhé sami malebet mriku, ngantos samedalipun saking ngriku, lah manawi piyambakipun medal saking ngriku, saèstu kula tumunten sami malebet.[682]

قَالُوْا يٰمُوْسٰٓى اِنَّ فِيْهَا قَوْمًا جَبَّارِيْنَ ۖ
وَاِنَّا لَنْ نَّدْخُلَهَا حَتّٰى يَخْرُجُوْا مِنْهَا ۚ
فَاِنْ يَّخْرُجُوْا مِنْهَا فَاِنَّا دٰخِلُوْنَ ﴿٢٢﴾

23 Wong lanang loro golongané para kang padha wedi, kang sakaroné wus kaparingan nugraha déning Allah, acalathu: Dhèwèké padha lebonana metu gapurané,

قَالَ رَجُلٰنِ مِنَ الَّذِيْنَ يَخَافُوْنَ اَنْعَمَ
اللّٰهُ عَلَيْهِمَا ادْخُلُوْا عَلَيْهِمُ الْبَابَ ۚ فَاِذَا

681. Ing ngriki boten wonten pratélan ingkang worsuh (*anachronism*). Ing ayat punika kadhawuhaken bilih wonten nugraha warni kalih ingkang kaparingaken dhateng titiyang Israil: (1) para nabi sampun kajumenengaken wonten ing antawisipun titiyang Israil; (2) kadadosaken ratu. Boten tebih-tebih ingkang dipun karsakaken ing ayat punika, inggih punika boten kok babadipun Bani Israil ingkang kina-kina, wangsul babadipun Bani Israil wiwit jamanipun Kanjeng Nabi Musa, jalaran rawuhipun Kanjeng Nabi Musa punika ngawontenaken éwah-éwahan ingkang ambabarpisani, inggih menggah ing kawontenanipun ruhani, inggih menggah ing kawontenanipun pulitik. Kajawi sampun wonten nabi kakalih, inggih punika Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Harun, ingkang sampun rawuh wonten ing antawisipun Bani Israil wau, jumenenging saréngatipun Kanjeng Nabi Musa, punika ugi masang tatalesing saréngat ingkang anjanjèkakaen dhateng Bani Israil badhé rawuhipun nabi sapinten-pinten wonten ing antawisipun. Déné tumrap kawontenanipun pulitik, sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih Bani Israil punika pranyata dados bangsa ingkang mardika, saged bawa piyambak, sampun boten dados kawulanipun tumbasan bangsa Mesir. Bangsa Bani Israil gadhah karajan, dados dhawuhipun Kanjeng Nabi Musa ingkang kawarsitakaken ing ayat punika terang manawi mengku suraos piweca badhé kawontenaning gesangipun Bani Israil ing bénjing, manawi sampun dados bangsa ingkang maréntah. Panguwaos ruhani sareng-sareng kaliyan panguwaos pulitik, punika cetha manawi nugraha ingkang boten kaparingaken dhateng bangsa sanèsipun ingkang nunggil jaman.

682. "Sarta sakathahipun tiyang ingkang kula prangguli wonten ing ngriku punika langkung inggil

دَخَلْتُمُوهُ فَإِنَّكُمْ غَالِبُونَ ۚ وَعَلَى اللَّهِ فَتَوَكَّلُوا إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٢٣﴾

mengko manawa kowé wis padha malebu mrono, lah sayekti kowé padha wong menang, lan marang Allah kuduné suméndhému manawa kowé iku padha wong angèstu.[683]

قَالُوا يَا مُوسَىٰ إِنَّا لَن نَّدْخُلَهَا أَبَدًا مَّا دَامُوا فِيهَا ۖ فَاذْهَبْ أَنتَ وَرَبُّكَ فَقَاتِلَا إِنَّا هَاهُنَا قَاعِدُونَ ﴿٢٤﴾

24 Dhèwèké padha calathu: O, Musa! saèstu kula boten badhé malebet mriku salaminipun samangsa piyambakipun taksih sami wonten ing ngriku; milanipun sampéyan bidhal, sampéyan kaliyan Pangéran sampéyan, lajeng sampéyan perang sakaliyan; saèstu kula badhé kèndel angentosi ing ngriki.[684]

قَالَ رَبِّ إِنِّي لَا أَمْلِكُ إِلَّا نَفْسِي وَأَخِي ۖ فَافْرُقْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ الْقَوْمِ الْفَاسِقِينَ ﴿٢٥﴾

25 Dhèwèké munjuk: Pangéran kawula! Saèstu kawula boten anguwasani (sinten-sintena) kajawi badan kawula piyambak sarta sadhèrèk kawula; milanipun mugi Tuwan amisahaken *kawula* kaliyan *golongan* ingkang murang yekti (punika).

Ar. *antawisipun kawula, antawisipun golongan*

قَالَ فَإِنَّهَا مُحَرَّمَةٌ عَلَيْهِمْ ۛ أَرْبَعِينَ سَنَةً ۛ يَتِيهُونَ فِي الْأَرْضِ ۚ فَلَا تَأْسَ عَلَى الْقَوْمِ الْفَاسِقِينَ ﴿٢٦﴾

26 Panjenengané angandika: Mulané, sayekti (Tanah Suci) iku dadi larangan ingatasé dhèwèké patang puluh taun; dhèwèké bakal padha klambrangan ana ing bumi; mulané aja sira anggetuni marang golongan kang murang yekti (iki).[685]

dedegipun" (Wicalan 13: 32). Déné bab panggadumel titiyang Israil sarta anggènipun sami mopo boten purun nempuh mengsahipun, kula aturi mirsani Wicalan 14: 1-4.

683. "Mangka Yusak bin Nun lan Kaleb bin Yefunneh …… pitutur marang sagolongan Bani Israil kabèh, pangucapé: …… Manawa ana kaparengé Yéhuwah marang kita, mesthi kalakon padha diirid lumebu ing tanah iku, sarta tanahé diparingaké marang kita; sanyata iku tanah kang lubèr puwan lan maduné. Mung aja padha ambaléla marang Yéhuwah, sarta aja wedi marang wong isiné tanah iku …… wus padha koncatan kang minangka pangayomané, mangka Yéhuwah anunggil kalawan kita, wong kuwi aja kowedèni" (Wicalan 14: 6-9).

684. Sawenèh mufassir gadhah paham tembung *pangéran sampéyan* ing ngriku punika ingkang dipun kajengaken Kanjeng Nabi Harun, jalaran Kanjeng Nabi Harun punika sadhèrèkipun sepuh Kanjeng Nabi Musa (Rz).

685. "Wong iku amasthi padha ora ngalami andeleng ing tanah kang wus Sunprasetyakaké

RUKU’ 5

Para Yahudi dipun paringi pèpènget awoning kadadosanipun anggènipun sekuthu adamel palacidra dhateng Kanjeng Nabi

27-31. Murang-yektinipun Qabil. 32. Pèpènget dhateng para turun Israil. 33, 34. Pidananipun para ingkang sami merangi Kanjeng Nabi.

27 Lan nyaritakna marang dhèwèké caritané anaké Adam loro kalawan sanyatané, nalikané sakaroné angurbanaké kurban, ananging loro iku kang siji kinabulaké, sarta ora kinabulaké sijiné. Calathuné: Kowé masthi bakal dakpatèni. (Kang siji) calathu: Allah iku mung angabuli para wong bekti:[686]

وَاتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَأَ ابْنَيْ آدَمَ بِالْحَقِّ إِذْ
قَرَّبَا قُرْبَانًا فَتُقُبِّلَ مِنْ أَحَدِهِمَا وَلَمْ
يُتَقَبَّلْ مِنَ الْآخَرِ قَالَ لَأَقْتُلَنَّكَ ۖ
قَالَ إِنَّمَا يَتَقَبَّلُ اللَّهُ مِنَ الْمُتَّقِينَ ٢٧

Ar. *angulur*
Ar. *matèni aku*
Ar.*angulur*
Ar. *matèni kowé*

28 Manawa kowé *anibakaké* tanganmu marang aku amrih *patiku*, ora bakal aku *anibakaké* tanganku marang kowé amrih *patimu*; sayekti aku iki wedi ing Allah, Pangéraning ngalam kabèh:

لَئِنْ بَسَطْتَ إِلَيَّ يَدَكَ لِتَقْتُلَنِي مَا أَنَا
بِبَاسِطٍ يَدِيَ إِلَيْكَ لِأَقْتُلَكَ ۖ إِنِّي أَخَافُ
اللَّهَ رَبَّ الْعَالَمِينَ ٢٨

29 Sayekti aku duwé pangarep-arep, supaya kowé nyangga dosané panyerang marang aku[687] lan dosa-

إِنِّي أُرِيدُ أَنْ تَبُوءَ بِإِثْمِي وَإِثْمِكَ

kalawan supaos marang para luluhuré, sanyata sakabèhé kang anyampahi Ingsun, mesthi ora ana siji-sijia kang kelilan andeleng” (Wicalan 14: 23) Kawan dasa taun ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika ateges umuripun turunan wau.

686. Cetha bilih ingkang dipun karsakaken punika cariyosipun Qabil lan Habil. Kula aturi nocogaken kaliyan Purwaning Dumados 4: 3-12. Éwadéné Hasan lan Dk sami gadhah pamanggih bilih ingkang dipun karsakaken punika tiyang kakalih saking antawisipun titiyang Bani Israil, jalaran sadhéngah tiyang punika kénging kémawon kawastanan anakipun Adam (Rz). Nanging sagemblenging cariyos punika saged ugi dipun suraos mengku sasmita ingkang mralambangi anggènipun para Yahudi sekuthon damel palacidra dhateng Kanjeng Nabi Suci; titiyang Israil punika minangka sadhèrèk jaler ingkang andaga tuwin duraka, déné titiyang Isma’il, Kanjeng Nabi Suci, punika minangka sadhèrèkipun ingkang tulus. Prayogi dipun pèngeti pisan bilih ayat 11 sampun marsitakaken anggènipun para Yahudi sekuthon damel palacidra ngangkah sédanipun Kanjeng Nabi Suci, déné ruku’ kakalih candhakipun, punika kénging winastan dhawuh seselan (*parenthetical*), wigatos angèngetaken para Yahudi tuwin para Nasrani dhateng prajanjianipun lan anggènipun nerak prajanjian, déné prakawis ingkang kawarsitakaken wonten ing ayat 11, dipun lajengaken wonten ing ruku’ punika tuwin ruku’ candhakipun.

687. Tembung *itsmi* ing ngriki boten ateges *dosaku*, nanging: *dosané panyerang marang aku*, inggih punika *dosa pejah*; déné tembung *itsmika ateges dosamu*, inggih punika *dosanipun ingkang sampun-sampun*, ingkang awit saking punika lajeng murugaken kurbanipun boten katarimah.

mu, lah kowé bakal dadi èwoné wong-wong kang ngenggoni geni, lan mangkéné iki walesé para kang atindak dudu.

فَتَكُونَ مِنْ أَصْحَابِ النَّارِ ۚ وَذَٰلِكَ
جَزَاءُ الظَّالِمِينَ ﴿٢٩﴾

30 Ing kono atiné anggadhangaké dhèwèké matèni saduluré, dadi banjur kelakon matèni dhèwèké; mulané dhèwèké dadi èwoné para wong kang kapitunan.

فَطَوَّعَتْ لَهُ نَفْسُهُ قَتْلَ أَخِيهِ فَقَتَلَهُ
فَأَصْبَحَ مِنَ الْخَاسِرِينَ ﴿٣٠﴾

31 Tumuli Allah angutus gagak, (ndikakaké) dhukir-dhukir ing lemah, supaya meruhaké dhèwèké kapriyé pratikelé anutupi wangkéné saduluré.[688] Dhèwèké calathu: Cilaka aku iki! Apa aku iki apes, déné aku teka kaya gagak iki banjur anutupi wangkéning sadulurku? Mulané dhèwèké dadi èwoné para wong kang padha getun.

فَبَعَثَ اللَّهُ غُرَابًا يَبْحَثُ فِي الْأَرْضِ
لِيُرِيَهُ كَيْفَ يُوَارِي سَوْءَةَ أَخِيهِ ۚ قَالَ
يَا وَيْلَتَىٰ أَعَجَزْتُ أَنْ أَكُونَ مِثْلَ هَٰذَا
الْغُرَابِ فَأُوَارِيَ سَوْءَةَ أَخِي ۖ فَأَصْبَحَ
مِنَ النَّادِمِينَ ﴿٣١﴾

32 Amarga saka mangkono iku, Ingsun anamtokaké ing angger marang para turun Israil, sapa-sapa sing amatèni jiwa ora jalaran (amatèni) jiwa utawa agawé wisuna ing bumi, lah iku kaya amatèni manusa kabèh;[689] lan sapa sing anguripi jiwa, lah iku kaya nguripi manusa kabèh lan sayekti temen wis tumeka para utusan-Ingsun marang dhèwèké kalawan tandha-tandha yekti, ananging akèh-akèhé, ana ing bumi padha keladuk tindaké.

مِنْ أَجْلِ ذَٰلِكَ كَتَبْنَا عَلَىٰ بَنِي إِسْرَائِيلَ
أَنَّهُ مَنْ قَتَلَ نَفْسًا بِغَيْرِ نَفْسٍ أَوْ فَسَادٍ
فِي الْأَرْضِ فَكَأَنَّمَا قَتَلَ النَّاسَ جَمِيعًا
وَمَنْ أَحْيَاهَا فَكَأَنَّمَا أَحْيَا النَّاسَ
جَمِيعًا ۚ وَلَقَدْ جَاءَتْهُمْ رُسُلُنَا بِالْبَيِّنَاتِ
ثُمَّ إِنَّ كَثِيرًا مِنْهُمْ بَعْدَ ذَٰلِكَ
فِي الْأَرْضِ لَمُسْرِفُونَ ﴿٣٢﴾

688. Ing bab punika Bébel boten nyebutaken babar pisan. Nanging boten kok boten saged kelampahan, titiyang ingkang taksih pasaja sanget gesangipun (tiyang ingkang dèrèng majeng) niru sawenèh barang ingkang saking sanèsipun.

689. Limrahipun ayat punika dipun suraos mengku teges nerangaken agengipun dosa pejah sarta nerangaken sababipun déné dosa pejah dados dosa ageng ingkang ginantungan ukum pejah. Nanging *matèni ing jiwa* ugi saged ateges nyédani nabi-nabi ingkang rawuhipun punika badhé anjumenengaken katulusan, awit nyédani nabi satunggal kémawon punika pranyata sami kémawon kaliyan mejahi sadaya tiyang, makaten ugi biyantu rumeksa ing kawilujenganing sugengipun, punika yekti sami kémawon kaliyan rumeksa ing kawilujenganipun tiyang sadaya. Ingkang dipun karsakaken punika anggènipun para Yahudi sami sakuthon damel palacidra badhé nyédani Kanjeng Nabi, sarta inggih punika sababipun déné ngriki khusus nyebutaken titiyang Israil.

Ut. *walesé*

33 *Pidanané* para kang padha amerangi Allah lan utusan-É sarta padha anindakaké agawé wisuna ing bumi[690] iku kang mesthi kudu padha dipatèni utawa padha dipenthèng utawa dikethok tangané lan sikilé *aseling sisih*, utawa dikunjara;[691] mangkéné iki minangka pangina tumrap dhèwèké ana ing bumi, lan ana ing akhirat bakal olèh siksa kang gedhé,

Ut. *amarga saka anggoné amilawani*

إِنَّمَا جَزَٰٓؤُا۟ ٱلَّذِينَ يُحَارِبُونَ ٱللَّهَ وَ
رَسُولَهُۥ وَيَسْعَوْنَ فِى ٱلْأَرْضِ فَسَادًا
أَن يُقَتَّلُوٓا۟ أَوْ يُصَلَّبُوٓا۟ أَوْ تُقَطَّعَ أَيْدِيهِمْ
وَأَرْجُلُهُم مِّنْ خِلَٰفٍ أَوْ يُنفَوْا۟ مِنَ
ٱلْأَرْضِ ۚ ذَٰلِكَ لَهُمْ خِزْىٌ فِى ٱلدُّنْيَا ۖ وَ
لَهُمْ فِى ٱلْءَاخِرَةِ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿٣٣﴾

Ut. *walesé*

34 Kajaba para kang padha *tobat* ing sadurungé dhèwèké padha ana ing kuwasanira;[692] mulané padha weruha, yèn Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

إِلَّا ٱلَّذِينَ تَابُوا۟ مِن قَبْلِ أَن تَقْدِرُوا۟
عَلَيْهِمْ ۖ فَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٣٤﴾

RUKU' 6

Pidananipun para murang yekti

35-37. Pidananipun para ingkang sami milawani. 38-40. Pidananipun pandung. 41-43. Para lamis lan Yahudi sami nglampahi dados telik sandi-upaya.

---

690. Nitik ungelipun dhawuh, sajakipun ing sakawit ingkang dipun karsakaken punika sadaya para mengsahipun Islam kalebet ugi, para Yahudi, jalaran para Yahudi wau sami merangi kaum Muslimin sarta damel wisuna wonten ing bumi sarana nganiaya utawi mejahi tiyang Islam ingkang boten dosa ingkang sami dhumawah wonten tanganipun. Nanging durjana raraton tuwin tiyang mejahi tiyang, ingkang sami angganggu ing katentremanipun gesang babrayan, punika limrahipun kaanggep kénging kapatrapan pidana miturut ayat punika pidana ingkang kasebutaken ing ayat punika wonten warni sekawan, lah ingkang makaten punika nedahaken kalayan terang bilih pidana ingkang kedah kapatrapaken tumrap ing satunggal-tunggaling prakawis, punika gumantung kaliyan kawontenaning prakawisipun, makaten ugi gumantung kaliyan wekdal saha panggènanipun nindakaken dosa wau. Manawi raja-pejah katindakaken kalayan maksud ambégal utawi ngampak, ingkang nindakaken dosa wau kedah dipun pidana ingkang awrat, kalebet ugi hukum pejah, malah manawi dosanipun punika kesangetan sanget awonipun, ukum pejah wau kénging katindakaken kalayan kapenthèng ing kajeng palang, utawi manawi pasakitan wau sanget anggènipun damel giris wonten ing nagari, manawi perlu mayitipun kénging katilar wonten ing kajeng pamenthèngan perlu kanggé ngajrih-ajrihi tiyang sanès. Ing prakawis sanèsipun malih pidananipun cekap dipun kunjara, inggih punika tumrap ingkang kamanah boten perlu kapatrapan ukuman ingkang langkung awrat malih.

691. أَوْ يُنفَوْا۟ مِنَ ٱلْأَرْضِ punika tegesipun ingkang wantah: *kudu padha dibuwang saka bumi.* Nanging miturut Imam Abu Hanifah ing ngriki ateges *dipun kunjara* (*al-habs*), sarta para ahli basa kathah ingkang sami ngrujuki teges punika (Rz). LA ugi ngrujuki katerangan *kudu padha dikunjara.* Sababipun sampun cetha. Boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang saged kabucal saking salumahing bumi, sagedipun namung dipun kunjara. Utawi tembung *al-ardl* punika saged mengku teges *nagari ingkang tartamtu,* lah manawi nganggé teges punika lajeng mengku teges ukum bucal.

692. Angger-angger perang miturut piwulangipun agami Islam, makaten ugi angger-angger kadursilan (angger-angger panerak, kriminil) ingkang limrah, teluk dhateng ingkang dipun kajawèkaken ing ayat punika. Dosaning kadursilanipun ingkang sampun kedah dipun apunten, manawi tobatipun punika kalayan saèstu.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَابْتَغُوا إِلَيْهِ
الْوَسِيلَةَ وَجَاهِدُوا فِي سَبِيلِهِ لَعَلَّكُمْ
تُفْلِحُونَ ﴿٣٥﴾

35 É, para kang padha angèstu! Padha di bekti ing Allah sarta angupayaa lantaran kang marekaké marang Panjenengané tuwin padha nyrempenga ing dadalan-É, supaya sira padha begja.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا لَوْ أَنَّ لَهُمْ مَا فِي الْأَرْضِ
جَمِيعًا وَمِثْلَهُ مَعَهُ لِيَفْتَدُوا بِهِ مِنْ
عَذَابِ يَوْمِ الْقِيَامَةِ مَا تُقُبِّلَ مِنْهُمْ
وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٣٦﴾

36 Sayekti para kang padha kafir, sanajan ta padha andarbénana sabarang kang ana ing bumi kabèh, sarta samono engkas, iku padha dienggoa nebusi siksa ing dina kiyamat: ora bakal padha kinabulaké, lan bakal padha olèh siksa kang nglarani.

يُرِيدُونَ أَنْ يَخْرُجُوا مِنَ النَّارِ وَمَا
هُمْ بِخَارِجِينَ مِنْهَا وَلَهُمْ عَذَابٌ مُقِيمٌ ﴿٣٧﴾

37 Padha sumedya arep metu saka ing geni, lan ora pisan padha bisa metu saka ing kono, lan bakal padha olèh siksa kang awèt.

وَالسَّارِقُ وَالسَّارِقَةُ فَاقْطَعُوا أَيْدِيَهُمَا
جَزَاءً بِمَا كَسَبَا نَكَالًا مِنَ اللَّهِ وَاللَّهُ
عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٣٨﴾

38 Lan (tumrapé) maling lanang lan maling wadon, lah padha kethoken tangané, minangka pidana apa panggawéné sakaroné, siksa minangka pangilon saka ing Allah; lan Allah iku Minulya, Wicaksana.[693]

---

693. Dosa kadursilan colong-pendhet, punika boten prabéda kaliyan dosa lampah sèdhèng, déning agami Islam dipun patrapi pidana ageng, sarta sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih pidananipun nyolong, inggih punika dipun kethok tanganipun, punika mesthi gadhah daya anggigirisi sanget. Kados déné ingkang sampun kasebutaken ing ngajeng, sawenèh prakawis ambégal-ngampak kénging kapatrapan pidana sarana dipun kunjara lah makaten ugi kadursilan nyolong ingkang limrah, punika ugi kénging kapatrapan ukum kunjara, déné ngethok tangan punika namung tumrapipun prakawis ingkang ageng-ageng ingkang katindakaken déning durjana juti ingkang pancèn sampun matuh, ingkang mesthinipun sampun boten ajrih dipun kunjara. Déné wawasan ingkang kita anggé waton amilah-milah cak-cakaning pidana wau makaten: (a) Pidana wau winastan pangilon; lah pidana minangka pangilon, punika sagedipun dipun etrapaken namung manawi kadursilanipun sakalangkung ageng utawi manawi tiyang ingkang nindakaken dosa kadursilan wau durjana juti ingkang sampun matuh. (b) Pidana wau boten kapatrapaken manawi tiyang ingkang dosa wau purun tobat saha purun kapok saking pakartinipun ingkang awon. Ayat candhakipun nedahaken bilih pidana ngethok tangan punika namung tumrap durjana *ingkang boten purun nyaèkaken kalakuwanipun,* inggih punika *tumrap para durjana ingkang sampun matuh.* Langkung-langkung ingkang dipun suprih punika *tobat* (*pidhuwung*) *sarta nyaèkaken kalakuwan,* nanging boten wonten tiyang ingkang saged netepaken bilih durjana ingkang purun tobat punika ingggih purun nyaèkaken kalakuanipun. Murih piyambakipun angsal kalonggaran nyaékaken kalakuanipun, perlu sanget piyambakipun dipun sukani kamardikan makardi, ing sadèrènging piyambakipun dipun patrapi pidana ingkang langkung awrat malih. (c) Pidana

Ut. *kaduwung*

39 Ananging sapa sing *tobat* ing sawisé tindaké dudu lan ambecikaké kalakuané, lah sayekti Allah iku wangsul (wilasané) marang dhèwèké; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

فَمَنْ تَابَ مِنْ بَعْدِ ظُلْمِهِ وَأَصْلَحَ
فَإِنَّ اللَّهَ يَتُوبُ عَلَيْهِ ۗ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿٣٩﴾

40 Apa sira ora weruh, yèn Allah iku Ingkang-kagungan karatoning langit-langit lan bumi; Panjenengané aniksa sapa sing dadi karsa-Né lan angapura marang sapa sing dadi karsa-Né; lan Allah iku marang samubarang kawasa.

أَلَمْ تَعْلَمْ أَنَّ اللَّهَ لَهُ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَ
الْأَرْضِ ۗ يُعَذِّبُ مَنْ يَشَاءُ وَيَغْفِرُ لِمَنْ
يَشَاءُ ۗ وَاللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٤٠﴾

41 É, Utusan! Aja nganti para kang padha babalapan marang ing kakafiran iku anusahaké marang sira, yaiku panunggalané para kang cangkem-cangkemé padha muni: Kula punika sami angèstu, ananging atiné padha ora angèstu, sarta panunggalané para kang padha

يَا أَيُّهَا الرَّسُولُ لَا يَحْزُنْكَ الَّذِينَ يُسَارِعُونَ
فِي الْكُفْرِ مِنَ الَّذِينَ قَالُوا آمَنَّا بِأَفْوَاهِهِمْ
وَلَمْ تُؤْمِنْ قُلُوبُهُمْ ۛ وَمِنَ الَّذِينَ هَادُوا ۛ

---

ngethok tangan, punika sampun kasebutaken nalika nerangaken dosa kadursilan ingkang langkung ageng wonten ing ayat 33, mangka dalasan dosa kadursilan ageng wau kénging dipun patrapi ukum kunjara; awit saking punika, colong-pendhet bangsanipun nyeler, inggih punika bangsaning kadursilan alit, kajawi manawi sampun matuh, saèstu inggih kirang perlu dipun patrapi pidana ingkang samanten awratipun. (d) Sampun kathah lalampahan-lalampahan ingkang kawursita ing babadipun Islam ingkang rumiyin-rumiyin nyolong punika boten kaukum dipun kethok tanganipun (S. A. Tafsir Quran). (e) Para ahli kukum ingkang sami mendhet kukum saking ayat punika tumrap pidananipun tiyang nyolong, punika inggih kepeksa sami ngawontenaken wawates kathah sanget (dados boten saben tiyang nyolong mesthi dipun kethok tanganipun), awit mawi tanpa kawatesan ayat punika boten saged katindakaken; saboten-botenipun matesi pidana ngethok tangan ngemungaken tumrap durjana ingkang sampun matuh, punika inggih sampun nama adil, boten prabéda lan paham sanès-sanèsipun punika.

Sanget-sangetipun, ukuman ngethok tangan ingkang kasebutaken ing ayat punika, tuwin ukum kunjara ingkang katerangaken ing ayat 33 (mirsanana 691), punika kénging kaanggep ukuman warni kalih ingkang kénging kapilih salah satunggal kanggé midana tiyang nyolong. Ing babadipun Islam ingkang kina, sampun naté kelampahan Khalifah Hisyam dipun aturi timbangan bab prakawis punika, panjenenganipun lajeng kapareng nyobi nindakaken ukum kunjara ing salebetipun satunggal taun tuwin ukum ngethok tangan satunggal taun kanggé midana tiyang nyolong. Angsal-angsalanipun: nalika tumindak ukum kunjara wau dosa kadurjanan mindhak kathah, awit saking punika ingkang lastantun katindakaken ukum ngethok tangan. Saupami boten murugaken tindaking kadurjanan, yakti ukum satunggalipun, ukum kunjara wau badhé katindakaken kanggé ngukumi tiyang nyolong. Lah saboten-botenipun punika nedahaken, manawi laras kaliyan kawontenanipun babrayan, ukum kunjara punika kénging katindakaken, inggih punika kanggé ngukumi prakawis colong-pendhet ingkang alit-alit, déné pidana ingkang mangka pangilon ingkang langkung awrat, kénging kapatrapan tumrap kadurjanan ingkang langkung ageng sifatipun.

Ut. *marang*

a. 582

Yahudi; dhèwèké padha tukang ngrungokaké *kanggo preluning (pangenam)* doracara, tukang ngrungokaké kanggo perluning wong-wong liya, kang ora tumeka marang sira;[694] dhèwèké padha angowahi tembung ing sawisé (weruh) panggonané,[a] calathuné: Yèn iki diwenèhaké marang kowé, ya tampanana, lan manawa iku ora diwènèhaké marang kowé, lah dingati-ati; sapa sing dikarsakaké déning Allah pinaringan coba, lah ora bisa sira nguwasani dhèwèké sathithik-thithika mungguhing Allah. Iki para kang Allah ora angarsakaké anucèni ati-atiné; ana ing donya bakal padha olèh asor, lan ana ing akhirat bakal padha olèh siksa kang gedhé.

سَمّٰعُوْنَ لِلْكَذِبِ سَمّٰعُوْنَ لِقَوْمٍ اٰخَرِيْنَ لَمْ يَأْتُوْكَ ۗ يُحَرِّفُوْنَ الْكَلِمَ مِنْۢ بَعْدِ مَوَاضِعِهٖ ۚ يَقُوْلُوْنَ اِنْ اُوْتِيْتُمْ هٰذَا فَخُذُوْهُ وَاِنْ لَّمْ تُؤْتَوْهُ فَاحْذَرُوْا ۗ وَمَنْ يُّرِدِ اللّٰهُ فِتْنَتَهٗ فَلَنْ تَمْلِكَ لَهٗ مِنَ اللّٰهِ شَيْـًٔا ۗ اُولٰۤىِٕكَ الَّذِيْنَ لَمْ يُرِدِ اللّٰهُ اَنْ يُّطَهِّرَ قُلُوْبَهُمْ ۗ لَهُمْ فِى الدُّنْيَا خِزْيٌ ۖ وَّلَهُمْ فِى الْاٰخِرَةِ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ﴿٤١﴾

Ar. *antarané dhèwèké*

Ar. *antarané dhèwèké*

42 Dhèwèké padha tukang ngrungokaké marang doracara, tukang mangan barang larangan; mulané manawa dhèwèké padha teka marang sira, lah sira benerana *dhèwèké* utawa sira emohana, lan manawa sira angemohi dhèwèké, dhèwèké ora bakal ambabayani apa-apa marang sira, lan manawa sira beneri, lah sira benerana *dhèwèké* kalawan adil;[695] sayekti Allah iku remen marang wong kang padha nindakaké adil.

سَمّٰعُوْنَ لِلْكَذِبِ اَكّٰلُوْنَ لِلسُّحْتِ ۗ فَاِنْ جَاۤءُوْكَ فَاحْكُمْ بَيْنَهُمْ اَوْ اَعْرِضْ عَنْهُمْ ۚ وَاِنْ تُعْرِضْ عَنْهُمْ فَلَنْ يَّضُرُّوْكَ شَيْـًٔا ۗ وَاِنْ حَكَمْتَ فَاحْكُمْ بَيْنَهُمْ بِالْقِسْطِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ يُحِبُّ الْمُقْسِطِيْنَ ﴿٤٢﴾

694. Terangipun: dhèwèké padha ngrungokaké, nanging sedyané mung arep gawé-gawé doracara lan arep nyebar pawarta dora ing babagan piwulangira marang para tutuwané, yaiku wong-wong kang durung tau nekani sira. Dhawuh punika ugi kénging dipun suraos: dhèwèké mung padha angrungokaké doracara kang diucapaké déning para Rabbi-rabbiné kang padha durung tau nekani sira.

695. Miturut bedhamèn ingkang kadamel ing antawisipun golongan ingkang mawarni-warni ing Madinah nalika Kanjeng Nabi rawuh ing ngriku (mirsanana 126), sawarnining pasulayan kedah dipun suwunaken pancasanipun Kanjeng Nabi. Nanging nalika ing wekdal wau titiyang Yahudi sami mengsahi sanget dhateng Kanjeng Nabi, mila panjenenganipun dipun wenangaken nampik boten karsa maringi pancasan dhateng para titiyang wau. Déné manawi panjenenganipun karsa maringi pancasan dhateng para titiyang wau, panjenenganipun kadhawuhan paring pancasan ingkang kalayan adil. Adil, sanajan panjenenganipun dipun mengsahi kalayan sanget lan sanadyan panjenenganipun uninga bilih

43 Lan kapriyé déné dhèwèké padha andadèkaké sira juru-ambebeneri, lan dhèwèké padha nyekel Taurèt, isi putusaning Allah? Éwadéné sawisé mangkono banjur maléngos, lan dhèwèké iku dudu wong kang padha angèstu.[696]

وَكَيْفَ يُحَكِّمُونَكَ وَعِندَهُمُ التَّوْرَاةُ
فِيهَا حُكْمُ اللَّهِ ثُمَّ يَتَوَلَّوْنَ مِن بَعْدِ
ذَٰلِكَ ۚ وَمَا أُولَٰئِكَ بِالْمُؤْمِنِينَ ﴿٤٣﴾

RUKU' 7

Quran kados pundi sasambetanipun kaliyan kitab ingkang rumiyin-rumiyin

44, 45. Taurèt sarta pasaksinipun. 46, 47. Injil sarta pasaksinipun. 48-50. Quran anuhoni wahananing janji-janjinipun Taurèt lan Injil, milanipun sapunika kedah dipun turut.

44 Sayekti Ingsun wus andha-wuhaké Taurèt, isi tuntunan lan papadhang;[697] nganggo iki para nabi kang padha sumarah (maring Allah) anggoné ambebeneri ma-

إِنَّا أَنزَلْنَا التَّوْرَاةَ فِيهَا هُدًى وَنُورٌ ۚ
يَحْكُمُ بِهَا النَّبِيُّونَ الَّذِينَ أَسْلَمُوا

para Yahudi tansah sekuthon damel palacidra kaliyan para mengsahing Islam mamrih tumpesipun Islam, punika sifating panggalihanipun Kanjeng Nabi, inggih ingkang mracihnani bilih panjenengan-ipun pranyata sampun saged anggayuh tataraning budipakerti tulus ingkang inggil piyambak, ingkang saged ginayuh ing manusa.

696. Pancasaning Allah ing Torèt ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika saged ateges dhawuh Pangéran ingkang kasebut ing Kitab Torèt, ingkang déning titiyang Yahudi boten dipun turut, utawi ateges piweca-piweca bab rawuhipun Kanjeng Nabi ingkang dipun paiben déning para Yahudi wau.

697. Ayat 44 dumugi 47 punika déning para tukang kritik Nasrani dipun anggep dados pasaksèn ing kasucianipun kitab Torèt lan kitab Injil. Kados pundi déné sami angsal pupuntoning pamanggih ingkang kados makaten wau kula boten mangertos. Ing ayat punika wonten pratélan pinten-pinten ing babagan kitab kakalih wau. Sadèrèngipun pratélan wau kula limbang-limbang, prayogi dipun èngeti bilih aosipun ingkang sajati kitab kakalih wau lan gagayutanipun kaliyan Quran Suci, punika kapangandikakaken wonten ing ayat 48, awit saking punika katrangan angka 703 perlu kawaos sasarengan kaliyan ayat-ayat punika. Pratélan wiwitan ingkang kadhawuhaken ing ngriki, nerangaken bilih kitab Torèt punika wahyuning Pangéran, isi papadhang lan tuntunan. Punika pratélan ingkang boten naté dipun sélaki déning sok tiyanga Muslim. Déné ingkang boten dipun akeni punika manawi dipun anggep bilih papadhang lan tuntunan wau tetep suci murni ngantos pinten-pinten abad. Salajengipun boten dipun akeni bilih kitab kakalih punika kakarsakaken tumrap saindhenging jagad tuwin tumrap sadaya jaman. Kitab kakalih wau nyata pancèn ngemot papadhang lan tuntunan, nanging namung tumrap saumat, inggih punika titiyang Israil, saha namung tumrap jaman ingkang winates. Para tukang kritik Nasrani kelépyan, bilih nadyan sampun wonten papadhang lan pitedah ingkang kamot ing kitab Torèt, kitab Injil meksa katurunaken ugi tumrap umat Bani Israil. Punika nedahaken kalayan terang, bilih papadhang lan tuntunan ingkang kamot ing kitab Torèt, punika tanpa wahyu énggal kagalih boten nyekapi manawi dipun anggé ing salami-laminipun, nadyan namung tumrap umat Bani Israil piyambak. Dados manut wasitanipun Kitab Quran, kitab Torèt punika ngemot papadhang lan tuntunan tumrap bangsa satunggal lan tumrap sawenèh jaman, déné umat sanès-sanèsipun inggih sami gadhah papadhang lan tuntunan piyambak lumantar wahyuning Pangéran ingkang katurunaken dhateng umat-umat wau.

لِلَّذِينَ هَادُوا وَالرَّبَّٰنِيُّونَ وَالْأَحْبَارُ
بِمَا اسْتُحْفِظُوا مِنْ كِتَٰبِ اللَّهِ وَكَانُوا
عَلَيْهِ شُهَدَآءَ ۚ فَلَا تَخْشَوُا النَّاسَ
وَاخْشَوْنِ وَلَا تَشْتَرُوا بِـَٔايَٰتِي ثَمَنًا
قَلِيلًا ۚ وَمَنْ لَّمْ يَحْكُمْ بِمَآ أَنْزَلَ
اللَّهُ فَأُولَٰٓئِكَ هُمُ الْكَٰفِرُونَ ﴿٤٤﴾

Ar. *lan*

rang para kang padha Yahudi, *mangkono uga* para pandhitané lan para winasisé, amarga iki kuduné padha rumeksa (sapéranganè) Kitabing Allah,[698] sarta dhèwèké iku padha saksi ingatasé prakara iku; mulané aja wedi manusa lan wedia Ingsun, lan aja padha anampani pangaji sathithik liruné timbalan-timbalan-Ingsun; lan sapa sing ora ambebeneri kalawan apa kang kadhawuhaké déning Allah, lah iki para wong kafir.[699]

698. Pratélan ingkang kadhawuhaken ing ngriki nerangaken bilih para pandhita lan para winasis “sami tinanggenah rumeksa sapéranganing Kitabipun Allah,” inggih punika Torèt. Lah pratélan punika boten kok mengku teges bilih para pandhita lan para winasis wau saèstu rumeksa Kitab wau ngantos saged nimbalaken Kitab wau turun-tumurun kalayan tetep ing kasucianipun. Pancèn nyata piyambakipun kadhawuhan rumeksa punika, nanging wonten ing pundi kémawon boten wonten ingkang nyebutaken bilih piyambakipun sami angsal damel anggènipun rumeksa punika. béda kaliyan Kitab Quran, saben mangandikakaken rineksanipun Quran, sanès para winasisipun para Muslimin ingkang kadhawuhan rumeksa Kitab Suci, wangsul pangreksa tumrap Quran wau sampun dipun wontenaken piyambak ingkang langkung aman malih katimbang pangreksanipun manusa, jalaran manawi ingkang tinanggenah rumeksa punika manusa, ingkang cepak inggih badhé boten angsal damel kados déné kupiya ingkang kelampahan tumrap titiyang Israil. Bab kareksanipun Quran kadhawuhaken makaten: “Sayekti Ingsun wus anurunaké Pépéling lan sayekti Ingsun kang angreksa iku” (15: 9).

Wonten prakawis sanès ingkang boten wonten awonipun kapèngetan ing ngriki, gandhèng kaliyan pratélan ingkang saweg dipun rembag punika. Ingkang kadhawuhan ngreksa para winasis wau: *min Kitâbillâh*, jawinipun *sapéranganing Kitab Allah*. Dados ingkang dipun karsakaken punika boten sagemblenging Kitab, awit saupami makatena yekti boten ngagem tembung *min*, ingkang tegesipun *sapérangan*.

699. Pratélan ingkang kapangandikakaken ing ngriki, gagandhèngan kaliyan bab prakawis kitab Torèt, nerangaken bilih *sinten ingkang boten ambebeneri* (makaten tegesipun ingkang saèstu tembung *lam yahkum*) kalayan barang ingkang katurunaken déning Allah, punika sami tiyang kafir. Terang sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih umat ingkang kaparingan kitab Torèt, manawi boten purun mancasi prakawis miturut kitab punika, mesthi kémawon boten winastan angèstu dhateng kitab Torèt wau. Salajengipun perlu dipun èngeti bilih “ambebeneri,” punika boten namung ateges mancasi tumrap prakawis sipil utawi kriminil kémawon, nanging ugi papancasan ing atasipun sadaya prakawis ing babagan agami, milanipun tiyang ingkang boten purun nimbang wahyu ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi kalayan punapa ingkang sampun kawahyokaken ing dalem kitab Torèt, punika sami tiyang kafir. Dipun pèngetana pisan bilih anggènipun dhawuh punika mawi tembung *apa kang kadhawuhaké déning Allah*, boten mawi tembung *Torèt*, punika boten kok atanpa teges. Ingkang makaten punika nedahaken bilih saglembenging kitab Torèt ingkang wonten nalika jaman samanten punika boten dipun anggep wahyuning Pangéran déning Quran Suci, jalaran saupami Quran Suci ngakenana, yakti ayat ingkang mangandikakaken kitab Torèt punika mesthi dipun wekasi kalayan dhawuh *sapa sing ora ambebeneri kalawan kitab Torèt*, boten kok kalayan dhawuh kados ingkang wonten ing ayat wau, inggih punika *sapa sing ora ambebeneri kalawan apa kang kadhawuhaké déning Allah*. Lah ingkang makaten wau saged ngawontenaken pupuntoning pamanggih, tur kalayan genah, bilih kitab Quran nganggep kitab Torèt punika isi punapa-punapa ingkang boten kawahyokaken déning Allah.

45 Ana ing sajroné, Ingsun wus anamtokaké angger ingatasé dhè-
Ar. *kalawan* wèké, nyawa *nyaur* nyawa, lan mripat kalawan mripat lan irung kalawan irung sarta untu kalawan untu, sarta rajatatu ana wawalesé;[700] ananging sapa sing angrilakaké iku, iya bakal olèh liliru;[701] lan sapa sing ora ambebeneri kalawan apa kang kadhawuhaké
a. 699 déning Allah[a] lah iki para kang atindak dudu.

وَكَتَبْنَا عَلَيْهِمْ فِيهَآ أَنَّ النَّفْسَ بِالنَّفْسِ
وَالْعَيْنَ بِالْعَيْنِ وَالْأَنْفَ بِالْأَنْفِ
وَالْأُذُنَ بِالْأُذُنِ وَالسِّنَّ بِالسِّنِّ
وَالْجُرُوحَ قِصَاصٌ فَمَنْ تَصَدَّقَ بِهٖ
فَهُوَ كَفَّارَةٌ لَّهٗ وَمَنْ لَّمْ يَحْكُمْ بِمَآ
أَنْزَلَ اللّٰهُ فَأُولٰٓئِكَ هُمُ الظّٰلِمُونَ ﴿٤٥﴾

46 Lan ing sapungkuré, ana ing tapak tilasé, Ingsun anungka utusan ‘Isa, anaké Maryam, minangka ambenerake apa kang ana ing ngarepé, yaiku Taurèt, sarta Ingsun amaringi Injil dhèwèké, ing jeroné tuntunané lan papadhangé, tuwin minangka ambeneraké apa kang ana ing ngarepé, yaiku Taurèt, sarta tuntunan lan pitutur tumrap para kang padha bekti.[702]

وَقَفَّيْنَا عَلٰٓى اٰثَارِهِمْ بِعِيسَى ابْنِ
مَرْيَمَ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ
التَّوْرٰىةِ وَاٰتَيْنٰهُ الْإِنْجِيلَ فِيهِ
هُدًى وَّنُورٌ وَّمُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ
يَدَيْهِ مِنَ التَّوْرٰىةِ وَهُدًى وَّ
مَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِينَ ﴿٤٦﴾

47 Lan para pandhèrèking Injil dimèn padha ambebeneri kalawan apa kang kadhawuhaké déning

وَلْيَحْكُمْ أَهْلُ الْإِنْجِيلِ بِمَآ أَنْزَلَ

700. Mirsanana Pangentasan 21: 23-25, Kaimaman 24: 19-21.

701. Manawi tiyang nglilakaken wewenangipun ngalap pulih tumrap piawon ingkang katumrapaken dhateng sadhèrèkipun, lah punika saged dados tebusan (liliru) tumrap kalepatan ingkang saged ugi dipun tindakaken déning piyambakipun.

702. Dhawuh ingkang nerangaken bilih kitab Injil ngemot papadhang tuwin tuntunan punika mengku teges kados déné dhawuh saminipun punika ingkang tumrap kitab Torèt. Kula aturi mirsani katrangan angka 697. Namung kawewahan katerangan, bilih kitab Injil punika ngleresaken kitab Torèt. Para tukang kritik golongan Nasrani ingkang remen nedahaken sulayanipun Torèt lan Quran Suci, kanggé mancahi pratélan bilih Quran Suci punika minangka ingkang ngleresaken kitab Torèt, mengètana bilih kitab Injil punika ugi winastan ingkang ngleresaken kitab Torèt, sanajan kitab Injil wau piyambak ngawontenaken wulangan énggal kathah sanget minangka lilintunipun piwulang ingkang wonten ing saréngat Musa, kadosta prakawis pegat, angger-angger wales-winales lan sasaminipun. Katrangan bab Kitab Injil punika, kalayan terang nedahaken bilih "ngleresaken" punika ateges namung angiyataken tatales-tatales ingkang umum tuwin piwulang-piwulangipun agami ingkang wiyar, kadosta bab kasawijènipun Allah tuwin bab garap ingkang adil dhateng sadaya manusa, utawi anggènipun ngundhangaken satunggaling nabi ing kayektèn ing nabi ingkang rawuh ing sadèrèngipun, kadosta anggènipun ngundhangaken Kanjeng Nabi ‘Isa bab kayektènipun Kanjeng Nabi Musa tuwin anggènipun ngundhangaken Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw, ing kayektènipun Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi ‘Isa wau.

اللّٰهُ فِيْهِ ۗ وَمَنْ لَّمْ يَحْكُمْ بِمَآ اَنْزَلَ
اللّٰهُ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْفٰسِقُوْنَ ﴿٤٧﴾

Allah ana ing jeroné; lan sapa sing ora ambebeneri kalawan apa kang kadhawuhaké déning Allah, lah iki para kang murang yekti.

وَاَنْزَلْنَآ اِلَيْكَ الْكِتٰبَ بِالْحَقِّ مُصَدِّقًا
لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ الْكِتٰبِ وَمُهَيْمِنًا
عَلَيْهِ فَاحْكُمْ بَيْنَهُمْ بِمَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ وَلَا
تَتَّبِعْ اَهْوَآءَهُمْ عَمَّا جَآءَكَ مِنَ الْحَقِّ ۗ
لِكُلٍّ جَعَلْنَا مِنْكُمْ شِرْعَةً وَّمِنْهَاجًا ۗ
وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ لَجَعَلَكُمْ اُمَّةً وَّاحِدَةً
وَّلٰكِنْ لِّيَبْلُوَكُمْ فِيْ مَآ اٰتٰىكُمْ فَاسْتَبِقُوا

48 Lan Ingsun wus andhawuhaké Kitab marang sira kalawan yekti, minangka ambeneraké apa kang ana ing ngarepé, yaiku Kitab,[a] sarta minangka kang anjaga marang (Kitab)[703] iku, mulané sira ambebenerana *dhèwèké* kalawan apa kang kadhawuhaké déning Allah, lan aja manut pépénginané kang asor (amrih nyimpangira) saka barang yekti kang wus tumeka marang sira; tumrap sira kabèh, siji-sijiné, Ingsun wus anetepaké angger-angger lan dadalan,[704] lan saupama Allah angarsakaké, amasthi sira kabèh kadadèkaké umat sawiji, ananging Panjenengané kapareng anyoba ing sira ing dalem barang kang wus kaparingaké marang sira,[705] mulané padha sira babalapana marang

a. 70

Ar. *antarané dhèwèké*

703. Kitab Quran punika sinebut *muhaimin* utawi *ingkang-anjagi* sadaya wahyu (kitab) ingkang sampun-sampun, dados anedahaken bilih punapa kémawon ingkang migunani ing salami-laminipun, ingkang kasebut wonten ing kitab-kitab ingkang sampun-sampun, punika sami rineksa wonten ing dalem Quran, sarta wilujeng saking risak kados ingkang sampun namani kitab-kitab wau. Kitab ingkang sampun-sampun, punika ngemot papadhang lan tuntunan tumrap umat ingkang katurunan kitab wau, sarta umat wau kadhawuhan mancasi kalayan kitab wau. Nanging sapunika Quran punika kadadosaken Kitab ingkang mancasi sadaya kasunyatan, nadyan wontena ing pundi kémawon, sarta inggih awit saking punika mila inggih namung Quran Suci piyambak Kitab ingkang kedah dipun dhèrèk.

704. Netepaken angger-angger lan margi tumrap satunggal-satunggalipun, punika ingkang dipun karsakaken pinten-pinten angger-angger ingkang sampun kaparingaken dhateng umat mawarni-warni, ingkang laras kaliyan kabetahanipun piyambak-piyambak (Bd) ing nalika jaman sadèrènging tumurunipun Quran Suci. Wondéné Quran Suci, punika sampun nyekapi kabetahanipun sadaya bangsa tuwin sadaya jaman. Dados ing ngriki Quran ngakeni tatales ingkang sampun marambah-rambah kasebutaken, inggih punika: sadaya umat sampun sami kaparingan nabi. Kula aturi mirsani 10: 47, 13: 7, saha 35: 24.

705. Manusa punika lenggahipn wonten ing sanginggilipun sadaya titah, awit piyambakipun kagadhuhan kasagedan kanggé nimbang-nimbang, milanipun piyambakipun saged anggadhahi pamilih manut margi ingkang pundi, boten kados titah sanèsipun, boten kénging boten namung sanurut thok dhateng angger-angger ingkang katamtokaken kedah dipun turut. Awit saking punika, margi saking panimbangipun wau, manusa lajeng manut margi ingkang mawarni-warni, saha tumut dhateng golongan ingkang béda satunggal lan satunggalipun. Nanging manawi kodrat dumadosipun manusa

panggawé-panggawé becik; marang Allah enggon balinira kabèh, banjur Panjenengané bakal amaringi weruh apa kang padha sira pasulayakaké iku;

ٱلْخَيْرَٰتِ ۚ إِلَى ٱللَّهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيعًا فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ﴿٤٨﴾

Ar. *antara-né dhèwèké*

49 Lan supaya sira ambebenerana *dhèwèké* kalawan apa kang kadhawuhaké déning Allah, lan aja manut pépénginané kang asor, sarta sira diprayitna marang dhèwèké, manawa padha amaéka ing sira (amrih nyimpangira) saka sapéranganè apa kang kadhawuhaké déning Allah marang sira; ananging manawa dhèwèké padha mléngos, lah weruha sira, manawa Allah karsa angenani patrapan dhèwèké, amarga saka sawenèhing kaluputané; lan sayekti, kèhkèhaning manusa iku padha murang yekti.

وَأَنِ ٱحْكُم بَيْنَهُم بِمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَآءَهُمْ وَٱحْذَرْهُمْ أَن يَفْتِنُوكَ عَنۢ بَعْضِ مَآ أَنزَلَ ٱللَّهُ إِلَيْكَ ۖ فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَٱعْلَمْ أَنَّمَا يُرِيدُ ٱللَّهُ أَن يُصِيبَهُم بِبَعْضِ ذُنُوبِهِمْ ۗ وَإِنَّ كَثِيرًا مِّنَ ٱلنَّاسِ لَفَٰسِقُونَ ﴿٤٩﴾

50 Lah apa ta bebeneranè (jaman) kabodhoan kang padha dikarepaké? Lan sapa ta juruambeneri kang luwih becik tinimbang Allah, tumrapé wong kang padha yakin?

أَفَحُكْمَ ٱلْجَٰهِلِيَّةِ يَبْغُونَ ۚ وَمَنْ أَحْسَنُ مِنَ ٱللَّهِ حُكْمًا لِّقَوْمٍ يُوقِنُونَ ﴿٥٠﴾

RUKU' 8

Sasambetanipun para Muslimin kaliyan para mengsah

51-53. Para Yahudi sarta Nasrani sami dados mengsah. 54-56. Para tiyang ingkang ambalik.

a. 407

51 É, para kang padha angèstu, aja sira padha angalap mitra para Yahudi lan para Nasrani;[a] kang sawenèh iku mitrané sawenèhé, lan sapa sira sing amimitran karo dhèwèké, lah sayekti iya golo-

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَتَّخِذُوا۟ ٱلْيَهُودَ وَٱلنَّصَٰرَىٰٓ أَوْلِيَآءَ ۘ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَآءُ بَعْضٍ ۚ وَمَن يَتَوَلَّهُم مِّنكُمْ فَإِنَّهُۥ مِنْهُمْ ۗ

punika kadamel ngantos piyambakipun boten saged migunakaken kasagedanipun nimbang-nimbang, sifatipun ingkang adilihung wau lajeng boten saged kababar, kang mangka inggih sifat-sifatipun wau ingkang murugaken piyambakipun menang kalayan sadaya titah.

ngané; sayekti Allah iku ora anuntun para wong kang padha atindak dudu.[706]

إِنَّ اللّٰهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظّٰلِمِيْنَ ﴿٥١﴾

52 Mulané sira weruh para kang ing jeroning ati-atiné padha isi lalara, padha gagancangan ang-golong dhèwèké, calathuné: Aku padha kuwatir yèn babaya angenani aku kabèh;[707] ananging manawa-manawa Allah bakal amaringaké kamenangan utawa pidana saka ing ngarsa-Né, satemah dhèwèké bakal padha kaduwung, amarga saka anggoné padha an-dhelikaké barang ana ing jiwané.[708]

فَتَرَى الَّذِيْنَ فِيْ قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ يُّسَارِعُوْنَ
فِيْهِمْ يَقُوْلُوْنَ نَخْشٰى اَنْ تُصِيْبَنَا دَآئِرَةٌ ۚ
فَعَسَى اللّٰهُ اَنْ يَّأْتِيَ بِالْفَتْحِ اَوْ اَمْرٍ
مِّنْ عِنْدِهٖ فَيُصْبِحُوْا عَلٰى مَآ اَسَرُّوْا
فِيْٓ اَنْفُسِهِمْ نٰدِمِيْنَ ﴿٥٢﴾

53 Lan para kang padha angèstu bakal padha calathu: Apa iki para

وَيَقُوْلُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَهٰٓؤُلَآءِ الَّذِيْنَ

706. Sadaya tiyang kafir, nadyan sami pasulayan piyambak, sami kémawon sadaya sami milawani Islam. Awit saking punika para Muslimin lajeng dipun paringi pèpènget sampun ngantos sami anjagèkaken pitulung utawi pamitran saking para titiyang wau, sami kémawon punapa titiyang Yahudi, titiyang Nasrani, punapa para manembah brahala (Rz). Kados déné ingkang kawarsitakaken wonten ing ayat candhakaipun, nama ringkih kumandelipun dhateng menangipun Islam ingkang wekasan, manawi margi saking ajrih dhateng mengsah ingkang sakalangkung kiyat, para Muslimin lajeng nedha pitulungan lan mimitran ngriki-ngriki ing antawisipun golongan ingkang mengsahi. Nadyan bangsa-bangsa ingkang sampun majeng ing jaman samangké punika malah langkung saking pratélanipun Quran punika suprandéné meksa sami nacad Kitab Quran déné Quran mulangaken tatales ingkang cocog kaliyan nalar punika. Manawi satunggaling bangsa punika saweg wonten ing salebeting peperangan kaliyan bangsa sanès, satunggal-satunggaling tiyang ing antawisipun bangsa-bangsa wau mesthi badhé kaanggep kados déné mengsah, manawi piyambakipun sasambetan mimitran kaliyan tiyang saking antawisipun bangsa mengsahipun. Lah inggih punika, ingkang dipun karsakaken dhawuhing Quran: "Lan sapa sira sing amimitran karo dhèwèké, lah sayekti iya golongané."

707. "Gagancangan anggolong dhèwèké," tegesipun gagancangan ngajak mimitran kaliyan para titiyang wau utawi nedha pitulunganipun. Para lamis gadhah tindak makaten punika margi ajrih pamalesipun para Muslimin.

708. *Kamenangan,* tegesipun kamenangan para Muslimin, déné *pidana,* punika ingkang andhawahi para mengsahipun. Tembung *amr* ateges *pidana* utawi *pidana ingkang kaancamaken,* punika wonten ing Quran Suci dipun agem marambah-rambah, inggih punika wonten ing dalem ukara *amrullâh,* kados déné ingkang kasebut ing 10: 24, 11: 40, 16: 1. Sadaya wau déning para mufassirin tuwin para ahli basa dipun tegesi *pidana ingkang kaancamaken*, *ingkang sami katamtokaken déning Allah* (Zj, TA-LL). Tembung wau ing ngriki terang manawi ugi mengku teges makaten punika. Para ingkang sami ringkih imanipun sami ajrih dhateng mengsah ingkang pranyata pancèn kiyat temenan, inggih punika saking nglebet titiyang Yahudi, saking jawi titiyang musyrik (para manembah brahala). Para ringkih wau sami dipun pangandikani bilih Gusti Allah tumunten badhé maringi kamenangan dhateng Kanjeng Nabi utawi andhawahi pidana dhateng para mengsahipun. Éwadéné tembung *amr* wau ugi kénging dipun suraos mengku tegesipun ingkang limrah, inggih punika *dhawuh*. Lah manawi makaten ing ngriki lajeng mengku sasmita peprèntahan Islam, ingkang kawecakaken tumunten badhé dipun jumenengaken.

kang padha supata kanthi (anyebut asmaning) Allah kalawan manthenging supatané, yèn dhèwèké sayekti temen-temen réwangira? Muspra sakèh panggawéné, mulané padha dadi wong kang padha kapitunan.[709]

أَقْسَمُوا بِاللَّهِ جَهْدَ أَيْمَانِهِمْ ۙ إِنَّهُمْ
لَمَعَكُمْ ۚ حَبِطَتْ أَعْمَالُهُمْ فَأَصْبَحُوا خَاسِرِينَ ﴿٥٣﴾

54 É, para kang padha angèstu! sapa sira yèn ana kang ambalik saka agamané, iku Allah bakal anekakaké wong-wong kang padha Ditresnani sarta padha tresna ing Panjenengané, andhap-asor marang para angèstu, minulya atas para kafir; bakal padha nyrempeng ing dadalaning Allah lan ora padha wedi marang panacadé wong kang nacad; iki lubèré kadarmaning Allah, kaparingaké sapa kang dadi kapareng-É; lan Allah iku Jembarparingé, Ngudanéni.[710]

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا مَنْ يَرْتَدَّ مِنْكُمْ
عَنْ دِينِهِ فَسَوْفَ يَأْتِي اللَّهُ بِقَوْمٍ
يُحِبُّهُمْ وَيُحِبُّونَهُ ۙ أَذِلَّةٍ عَلَى
الْمُؤْمِنِينَ أَعِزَّةٍ عَلَى الْكَافِرِينَ
يُجَاهِدُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَلَا يَخَافُونَ
لَوْمَةَ لَائِمٍ ۚ ذَٰلِكَ فَضْلُ اللَّهِ يُؤْتِيهِ
مَنْ يَشَاءُ ۚ وَاللَّهُ وَاسِعٌ عَلِيمٌ ﴿٥٤﴾

Ut. *pangayomanira*

55 *Mitranira* iku mung Allah lan Utusan-É sarta para angèstu, para kang padha anjumenengaké salat, lan padha ambayar zakat, lan dhèwèké padha rukuk.[711]

إِنَّمَا وَلِيُّكُمُ اللَّهُ وَرَسُولُهُ وَالَّذِينَ
آمَنُوا الَّذِينَ يُقِيمُونَ الصَّلَاةَ وَيُؤْتُونَ
الزَّكَاةَ وَهُمْ رَاكِعُونَ ﴿٥٥﴾

709. Punika piweca bilih punapa ingkang katindakaken déning para lamis kanggé milawani Kanjeng Nabi, punika badhé tanpa tilas, sarta para titiyang wau mesthi boten badhé saged angsal damel kados ingkang dipun kajengaken.

710. Bab punika kadhawuhaken minangka panglipur dhateng Kanjeng Nabi lumawan paékanipun para Yahudi ingkang sami sekuthon ngrencana sawarnining sarana murih para Muslimin sami ambalik saking agaminipun (mirsanana 448). Sinten tiyangipun utawi tiyang-pancer pundi ingkang ambalik saking agaminipun wau, sarta sinten tiyangipun ingkang kakarsakaken anggentosi piyambakipun, punika prakawis ingkang kelampahan wonten ing babad. Nanging sugengipun Kanjeng Nabi wonten ing Madinah, punika saged bukti ingkang terang, bilih wontenipun saèstu tiyang ingkang ambalik saking agaminipun, punika boten naté andadosaken tipising pabarisan Islam, sarta saben wonten tiyang satunggal ingkang ambalik, wonten tiyang kathah ingkang lajeng anggolong dhateng kalangan Islam tuwin tumut lalabuh ambélani Islam. Kacariyos nalika ngajengaken wekasaning sugengipun Kanjeng Nabi, wonten pancer titiga ingkang ambalik. Nanging rèhning pancer titiga wau dipun rampungi nalika jamanipun Bagéndha Abu Bakar, milanipun piweca ingkang kasasmitakaken ing dhawuh punika cetha manawi mecakaken jaman nalika Bagéndha Abu Bakar dados khalifah. Pancèn inggih nalika jaman wau punika kelampahanipun saèstu wahananing piweca punika, inggih punika nalika boten let dangu sasampunipun séda kanjeng nabi, para sahabat Nabi sami nyirep pambaléla ageng-agengan, ingkang saupami boten tumunten kasirep mesthi mahanani sadaya pancer sami ambalik. Dados Bagéndha Abu

711. *Mirsanana kaca candhakipun.*

56 Lan sapa sing ngapèk *mitra* Allah lan utusan-É sarta para angèstu, lah sayekti, papanthaning Allah, iku kang padha menang.

وَمَن يَتَوَلَّ اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَالَّذِينَ
آمَنُوا فَإِنَّ حِزْبَ اللَّهِ هُمُ الْغَالِبُونَ ﴿٥٦﴾

RUKU' 9

Para tukang ngérang-érang

57-60. Tukang angérang-érang sarta panyenggringipun. 61-64. Para Yahudi lamis sarta tindakipun ingkang nistha. 65, 66. Dipun paréntahaken dhateng piyambakipun supados atindak miturut kitab-kitabipun.

Ut. *mitra*

57 É, para kang padha angèstu! Aja sira padha ngalap *pangayoman* para kang wus padha kaparingan kitab ing sadurungira sarta para kafir, kang anganggep agamanira iku guguyon lan dolanan; lan padha di bekti ing Allah, manawa sira padha wong angèstu.[712]

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَتَّخِذُوا الَّذِينَ
اتَّخَذُوا دِينَكُمْ هُزُوًا وَلَعِبًا مِّنَ الَّذِينَ
أُوتُوا الْكِتَابَ مِن قَبْلِكُمْ وَالْكُفَّارَ
أَوْلِيَاءَ ۚ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٥٧﴾

58 Lan manawa sira anguwuh marang salat, iku padha digawé guguyon lan dolanan; iki amarga dhèwèké iku wong kang padha ora ngerti.

وَإِذَا نَادَيْتُمْ إِلَى الصَّلَاةِ اتَّخَذُوهَا
هُزُوًا وَلَعِبًا ۚ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَعْقِلُونَ ﴿٥٨﴾

Bakar tuwin para ingkang sami biyantu panjenenganipun punapa déné para juru-pirembagipun, punika ingkang ing ngriki kadhawuhaken; tiyang ingkang tresna ing Pangéran tuwin dipun tresnani ing Pangéran.

711. Katrangan ingkang kadhawuhaken ing ngriki punika katrangan gerban (umum). Cariyos ingkang nyariyosaken bilih Bagéndha 'Ali maringaken agemipun susupé dhateng satunggaling titiyang miskin nalika panjenenganipun wau pinuju ruku' ing salebetipun sembahyang, punika boten nerangaken ayat punika. *Zakat* punika kapasrahaken dhateng baitu-l-mal (bandhanipun praja), lajeng dipun tanjakaken kanggé kaperluwan warni-warni. Déné suraosipun ayat punika sampun terang. Para angèstu sami dipun dhawuhi supados boten sami nedha pangayoman lan mimitran kaliyan para titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani, wangsul pangayomanipun punika Allah lan Utusan-Ipun punapa déné para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi ingkang setya tuhu. Ayat candhakipun saya anyethakaken bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika sadaya titiyang mukmin jalaran para titiyang wau sami kasebut papanthaning Allah ingkang badhé menang, mangka gelar yektinipun ingkang menang punika umat Islam sadaya, boten namung Bagéndha 'Ali piyambak. Déné tiyang ingkang sami katuju ing dhawuh, punika sajakipun para titiyang ingkang imanipun dhateng menangipun Islam ingkang wekasan boten patosa kiyat kados déné para mukminin sajati ingkang sabagéan ageng.

712. Nitik dhawuh punika terang bilih para Muslimin punika ingawisan boten kénging sasambetan mimitran kaliyan para titiyang ingkang ngérang-érang agaminipun lan Nabinipun.

قُلْ يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ هَلْ تَنقِمُونَ مِنَّآ إِلَّآ
أَنْ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيْنَا وَمَآ أُنزِلَ
مِن قَبْلُ وَأَنَّ أَكْثَرَكُمْ فَٰسِقُونَ ٥٩

59 Calathua: É, para pandhèrèking Kitab! Apa kowé padha gething[713] marang aku (tanpa karana) kajaba mung dumèh aku padha angèstu ing Allah sarta apa kang kadhawuhaké marang aku lan apa kang kadhawuhaké ing sadurungku, lan déné kèh-kèhané sira iku padha murang yekti?

قُلْ هَلْ أُنَبِّئُكُم بِشَرٍّ مِّن ذَٰلِكَ مَثُوبَةً
عِندَ ٱللَّهِ ۚ مَن لَّعَنَهُ ٱللَّهُ وَغَضِبَ عَلَيْهِ
وَجَعَلَ مِنْهُمُ ٱلْقِرَدَةَ وَٱلْخَنَازِيرَ وَعَبَدَ
ٱلطَّٰغُوتَ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ شَرٌّ مَّكَانًا وَأَضَلُّ
عَن سَوَآءِ ٱلسَّبِيلِ ٦٠

60 Calathua: Apa kowé padha gelem dak kandhani (wong, kang) luwih ala tinimbang iki wawalesé mungguhing Allah? (Sing luwih ala iku yaiku) sapa kang dila'nati déning Allah sarta kang katibanan bendu-Né, tuwin ana kang padha kadadèkaké kethèk lan cèlèng apa déné kang ngabdi sétan; iki padha luwih ala panggonané sarta luwih sasar saka dalan kang bener.[714]

وَإِذَا جَآءُوكُمْ قَالُوٓا۟ ءَامَنَّا وَقَد دَّخَلُوا۟
بِٱلْكُفْرِ وَهُمْ قَدْ خَرَجُوا۟ بِهِۦ ۚ وَٱللَّهُ
أَعْلَمُ بِمَا كَانُوا۟ يَكْتُمُونَ ٦١

61 Lan nalikané padha teka marang sira padha calathu: Kula sami angèstu; lan sanyata, lumebuné kalawan (angandhut) kakafiran sarta temen metuné iya kalawan (angandhut) iku; lan Allah iku luwih wikan marang apa kang padha diumpetaké.

713. *Naqama* punika nunggil teges kaliyan tembung *ankara* jawinipun: *anggething* (Rgh, Rz).

714. Sampun cetha bilih tiyang ingkang ing ngriki kapangandikaken dados kethèk lan andhapan punika para titiyang Yahudi. Kula aturi nocogaken kaliyan 107 lan 2: 65 minangka katrangan tegesipun dhawuh punika. Pantes pinèngetan, nadyan tiyang ingkang kapangandikakaken wonten ing kalih panggènan wau sami kémawon, meksa wonten bédanipun anggènipun nyebutaken, ingkang sapisan namung kasebut kethèk, ingkang kaping kalih kasebut kethèk lan andhapan. Malah kawewahan malih, para titiyang wau ugi kapangandikakaken bilih tiyang ingkang kadadosaken kethèk lan andapan lan abdinipun sétan punika: "padha luwih ala panggonané sarta luwih sasar saka dalan kang bener." Lah, ingkang makaten wau sadaya saged nyingkiraken sadaya semang-semang lan saged anetepaken bilih para titiyang wau taksih lastantun manusa, awit kethèk lan andhapan boten saged dipun wastani sasar saking margi ingkang leres. Dados ayat punika saya angiyataken pupuntoning pamanggih ingkang kaandharaken wonten ing 107. Ayat candhakipun saya anyethakaken malih, jalaran ing ngriku katerangaken bilih kethèk lan andhapan wau ugi, sami sowan dhateng Kanjeng Rasul kalayan ngandhut kakafiran sarta késahipun ugi ngandhut kakafiran.

Ar. *ing dalem*

62 Lan sira bakal weruh, dhèwèké iku sapirang-pirang kang padha gancang-gancangan *marang* dosa lan murang bener, sarta anggoné padha mangan barang kang olèhé sarana laku ora bener; temen ala apa kang padha dilakoni iku.[715]

وَتَرَىٰ كَثِيرًا مِّنْهُمْ يُسَارِعُونَ فِي الْإِثْمِ
وَالْعُدْوَانِ وَأَكْلِهِمُ السُّحْتَ ۚ لَبِئْسَ
مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٦٢﴾

63 Yagéné para pandhitané lan para winasisé padha ora menging dhèwèké anggoné padha ngucap dosa lan anggoné padha mangan barang kang olèhé sarana laku ora bener? Temen ala apa kang padha ditindakaké.

لَوْلَا يَنْهَاهُمُ الرَّبَّانِيُّونَ وَالْأَحْبَارُ عَن
قَوْلِهِمُ الْإِثْمَ وَأَكْلِهِمُ السُّحْتَ ۚ
لَبِئْسَ مَا كَانُوا يَصْنَعُونَ ﴿٦٣﴾

64 Lan para Yahudi padha calathu: Astaning Allah iku kabanda! Tangan-tangané kang bakal padha binanda sarta bakal padha dila'nati amarga saka anggoné padha calathu mau. O, balik asta-Né karo pisan padha mulung,[716] Panjenengané apaparing kapriyé sakarsa-Né; lan sayekti, dhèwèké iku sing akèh-akèh, apa kang kadhawuhaké marang sira saka Pangéranira, iku temen angundhakaké anggoné andaluya lan anggoné kafir; lan Ingsun andèkèkaké mumungsuhan

وَقَالَتِ الْيَهُودُ يَدُ اللَّهِ مَغْلُولَةٌ ۚ غُلَّتْ
أَيْدِيهِمْ وَلُعِنُوا بِمَا قَالُوا ۘ بَلْ يَدَاهُ
مَبْسُوطَتَانِ يُنفِقُ كَيْفَ يَشَاءُ ۚ وَلَيَزِيدَنَّ
كَثِيرًا مِّنْهُم مَّا أُنزِلَ إِلَيْكَ مِن رَّبِّكَ
طُغْيَانًا وَكُفْرًا ۚ وَأَلْقَيْنَا بَيْنَهُمُ الْعَدَاوَةَ

715. *Suht*, ateges *bandha awisan*, *boten kénging dipun alap* (Msb, TA-LL). Punika ugi dipun anggé nembungaken *besel* (Rgh). Dados ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika *sadhéngah lampah ngupados bandha ingkang boten kaidèn.*

716. Rembag makaten punika dipun anggé pawadan anggènipun milawani ada nglempakaken arta urunan kanggé rumeksa kawilujenganipun umat Islam. Miturut gagasanipun ingkang klèntu para Yahudi ingkang remen ngérang-érang, pandamel suci, utawi pandamel karana ambélani yakti, kedahipun boten ambetahaken arta ingkang angsalipun mawi cara urunan limrah. Kula aturi nocogaken kaliyan 3: 180: "Satemené Allah iku mlarat lan aku iki padha sugih," tuwin katrangan angka 524. Utawi: inggih saged ugi ingkang dipun kajengaken punika mastani bilih astanipun Allah punika kabanda boten dipun agem mitulungi para Muslimin, jalaran piweca-piweca ingkang mecakaken menangipun ingkang wekasan para Muslimin kaliyan para mengsah-mengsahipun, punika dèrèng kaleksanan saèstu wahananipun. Dhawuh wangsulanipun, awujud piweca bilih para titiyang wau piyambak badhé nemahi tinalikung tangan-tanganipun, ngantos boten saged mitulungi mengsah-mengsahipun para Muslimin, sarta ing salajengipun para titiyang wau sami dipun la'nati, inggih punika sami sinebrataken saking sadaya kasaénan saha ngalami dintening kacilakan. Quran Suci asring

lan gegethingan ana ing antarané
a. 674 114 dhèwèké tumeka dina kiyamat;[a]
saben-saben padha angurubaké genining paprangan, iku Allah sing nyirep, sarta dhèwèké padha tumindak agawé wisuna ing bumi; lan Allah iku ora remen para wong kang agawé wisuna.

وَالْبَغْضَآءَ إِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ ۗ كُلَّمَآ أَوْقَدُوْا نَارًا لِّلْحَرْبِ أَطْفَأَهَا اللّٰهُ ۙ وَيَسْعَوْنَ فِى الْأَرْضِ فَسَادًا ۗ وَاللّٰهُ لَا يُحِبُّ الْمُفْسِدِيْنَ ﴿٦٤﴾

65 Lan saupama para pandhèrèking Kitab iku padha angèstua lan padha bektia, amasthi dhèwèké Ingsun alingi panggawé-panggawéné kang ala, lan amasthi bakal Ingsun lebokaké ing taman nugraha.

وَلَوْ أَنَّ أَهْلَ الْكِتٰبِ اٰمَنُوْا وَاتَّقَوْا لَكَفَّرْنَا عَنْهُمْ سَيِّاٰتِهِمْ وَلَأَدْخَلْنٰهُمْ جَنّٰتِ النَّعِيْمِ ﴿٦٥﴾

66 Lan saupama dhèwèké padha anjejegna Taurèt lan Injil lan apa kang kadhawuhaké marang dhèwèké saka ing Pangérané, amasthi bakal padha mangan (pangan) saka ing dhuwuré lan saka ing sangisoring sikil-sikilé; sawenèhé iya ana sagolongan kang burus tindaké, lan sing akèh-akèh ala barang kang padha dilakoni.[717]

وَلَوْ أَنَّهُمْ أَقَامُوا التَّوْرٰىةَ وَالْإِنْجِيْلَ وَمَآ أُنْزِلَ إِلَيْهِمْ مِّنْ رَّبِّهِمْ لَأَكَلُوْا مِنْ فَوْقِهِمْ وَمِنْ تَحْتِ أَرْجُلِهِمْ ۗ مِنْهُمْ أُمَّةٌ مُّقْتَصِدَةٌ ۗ وَكَثِيْرٌ مِّنْهُمْ سَآءَ مَا يَعْمَلُوْنَ ﴿٦٦﴾

---

ngagem *fi'il madli* ingkang kanggé nedahaken bilih prakawis ingkang dipun pangandikakaken badhé kelampahan bénjing ing wekdal ingkang badhé dhateng, punika mesthi kelampahan saèstu.

717. *Iqâmah* utawi anjejegaken Torèt lan Injil, punika ateges rumeksa kitab-kitab wau punapa mesthinipun sarta netepi punika. Nedha tetedhan saking nginggil, punika ingkang dipun karsakaken tetedhan ruhani, utawi tampi wahyuning Pangéran; déné nedha tetedhan saking sangandhaping suku-sukunipun, punika ateges rejeki ing bumi punika. Maksudipun dhawuh: para titiyang wau mesthi badhé angsal kakalihipun wau kalayan mluwah-mluwah. Nanging rèhning para titiyang wau sami boten netepi punika, mila kontening wahyunipun Pangéran inggih tinutup tumrap piyambakipun. Sikep momot ingkang dipun anggé déning Islam tumrap dhateng agami sanès, dalasan ingkang awon piyambak, boten wonten ingkang nyamèni. Upamanipun kémawon, pitedah ingkang kaparingaken dhateng para Muslimin ingkang mungel makaten: "Lan aja padha nyanyamah kang padha diuwuh saliyané Allah" (6: 109), ingkang miturut dhawuh punika, dalasan brahala boten kénging dipun cacamah. Cobi kula aturi nandhing pitedah punika kaliyan pitedah ingkang saged ugi kasebutaken wonten ing kitab sucinipun agami sanès ing bab prakawis sikep ingkang kedah dipun anggé tumrap dhateng sanès agami. Dados sanajan para Yahudi lan para Nasrani punika sakalangkung sanget anggènipun mengsahi Islam, éwadéné meksa kadhawuhaken bilih wonten sagolongan ingkang *burus tindakipun.* Péranganipun ingkang sapisan ayat punika nedahaken bilih wahyuning Pangéran, punika sampun dipun gagampil déning para Yahudi lan para Nasrani.

RUKU' 10

Para Nasrani sami kasasar saking yakti

67. Yakti punika kedah dipun undhangaken tanpa mawang babaya. 68-71. Para pandhèrèking Bibel tindakipun boten anocogi punika. 72-77. Sasaripun para Nasrani.

67 É, Utusan! anekakna apa kang kadhawuhaké marang sira saka ing Pangéranira; lan manawa sira ora nindakaké, lah sira iya ora nekakaké ayahan-É; lan Allah bakal anyalametaké sira saka ing manusa; sayekti Allah iku ora nuntun wong kang padha kafir.[718]

يَا أَيُّهَا الرَّسُولُ بَلِّغْ مَا أُنْزِلَ إِلَيْكَ مِنْ رَبِّكَ ۖ وَإِنْ لَمْ تَفْعَلْ فَمَا بَلَّغْتَ رِسَالَتَهُ ۚ وَاللَّهُ يَعْصِمُكَ مِنَ النَّاسِ ۗ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْكَافِرِينَ ٦٧

68 Calathua: É, para pandhèrèking Kitab, ora pisan sira iku
a. 157 manut barang becik,[a] kajaba manawa sira wis padha anjejegaké Taurèt lan Injil lan apa kang kadhawuhaké marang sira saka Pangéranira;[719] lan apa kang kadhawuhaké marang sira saka Pangéranira iku temen angundhakaké pambalasar lan kakafiran tumrap dhèwèké kang akèh-akèh; mulané aja sira anusahaké marang wong kang padha kafir.

قُلْ يَا أَهْلَ الْكِتَابِ لَسْتُمْ عَلَىٰ شَيْءٍ حَتَّىٰ تُقِيمُوا التَّوْرَاةَ وَالْإِنْجِيلَ وَمَا أُنْزِلَ إِلَيْكُمْ مِنْ رَبِّكُمْ ۗ وَلَيَزِيدَنَّ كَثِيرًا مِنْهُمْ مَا أُنْزِلَ إِلَيْكَ مِنْ رَبِّكَ طُغْيَانًا وَكُفْرًا ۖ فَلَا تَأْسَ عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ ٦٨

718. Nalika wonten ing Makkah, mengsahipun Kanjeng Nabi punika namung titiyang Quraisy piyambak. Nalika Panjenenganipun Hijrah dhateng Madinah, wewah tikel-matikel rekaosipun. Bangsa Yahudi punika bangsa ingkang kiyat, sakecap kémawon wicanten ingkang barès-kurès, saged mahanani para titiyang wau dados mengsah ingkang sakalangkung ambabayani. Para pancer Arab sanès-sanèsipun ing wekdal punika ugi sampun kénging kapikut ing pangicuk-icukipun titiyang Quraisy, supados anggolong dhateng piyambakipun. Sapunika Quran boten namung nglepataken panembah brahala kémawon, nanging ugi nglepataken murang-yektinipun para Yahudi saha sasaripun para Nasrani. Awit saking punika mila lajeng wonten wahyuning Pangéran ingkang anjanjèkaken bilih Kanjeng Nabi badhé tansah dipun ayomi déning Pangéran saking sawarnining babaya ingkang dhateng saking pundi-pundi tuwin saking sadaya sekuthon palacidra ingkang ngangkah badhé nyédani panjenenganipun.

719. Lah punika pamelèh ingkang pedhes dhateng anggènipun mabeni para Yahudi lan para Nasrani. Dalasan dhateng kitabipun Torèt tuwin Injil, para titiyang wau boten sami rumeksa ing kasucianipun, sarta punapa kémawon ingkang taksih asli saking piwulangipun para nabi, para tiyang wau boten sami nindakaken. Awit saking punika anggènipun para titiyang wau sami mabeni Kanjeng Nabi, punika nama boten wonten aosipun. Manawi para titiyang wau pranyata sami rumeksa ing kasunyatan tuwin kamurnèning kitabipun tuwin nglampahi ing sapangrèhing wahyunipun Pangéran ingkang kasebut wonten ing ngriku, mesthi botenipun piyambakipun sami ngemohi wahyu Quran, inggih punika kitab ingkang anjangkepi wahananing piweca-piwecanipun kitab ingkang rumiyin-

69 Sayekti para kang padha
angèstu lan para kang padha
Yahudi lan para Sabiûn lan para
Nasrani, – sapa sing angèstu ing
Allah lan dina akhir lan atindak
becik – iya ora bakal kataman wedi
a. 140 sarta ora padha susah.[a]

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَالَّذِينَ هَادُوا وَالصَّابِئُونَ وَالنَّصَارَىٰ مَنْ آمَنَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَعَمِلَ صَالِحًا فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ٦٩

70 Yekti temen Ingsun wis mundhut prajanjiané para turun Israil lan Ingsun wis angutus para utusan marang dhèwèké; saben-saben ana utusan teka marang dhèwèké kalawan barang kang ora dadi pépénginaning jiwané, sing sapantha padha anggorohaké lan sing sapantha manèh padha matèni.

لَقَدْ أَخَذْنَا مِيثَاقَ بَنِي إِسْرَائِيلَ وَأَرْسَلْنَا إِلَيْهِمْ رُسُلًا ۖ كُلَّمَا جَاءَهُمْ رَسُولٌ بِمَا لَا تَهْوَىٰ أَنْفُسُهُمْ فَرِيقًا كَذَّبُوا وَفَرِيقًا يَقْتُلُونَ ٧٠

71 Lan dhèwèké padha ngira manawa ora bakal ana coba,[720] mulané padha wuta lan tuli; tumuli Allah bali wilasa-Né marang dhèwèké, ananging dhèwèké sing akèh banjur padha wuta lan tuli;[721] lan Allah iku amirsani apa kang padha dilakoni.

وَحَسِبُوا أَلَّا تَكُونَ فِتْنَةٌ فَعَمُوا وَصَمُّوا ثُمَّ تَابَ اللَّهُ عَلَيْهِمْ ثُمَّ عَمُوا وَصَمُّوا كَثِيرٌ مِنْهُمْ ۚ وَاللَّهُ بَصِيرٌ بِمَا يَعْمَلُونَ ٧١

72 Sayekti temen kafir para kang padha acalathu: Sayekti, Allah, Panjenengané iku al-Masih, putra Maryam; lan Masih wis acalathu:

لَقَدْ كَفَرَ الَّذِينَ قَالُوا إِنَّ اللَّهَ هُوَ الْمَسِيحُ ابْنُ مَرْيَمَ ۖ وَقَالَ الْمَسِيحُ

rumiyin tuwin anjangkepi sadaya tandha yaktining Wahyunipun Pangéran. Rèhning para titiyang wau boten sami gadhah Kitabing Pangéran ingkang taksih murni, mila leresipun para titiyang wau nama boten gadhah pawadan sakedhik-kedhika kanggé angemohi Kitab Quran.

720. Nadyan sampun marambah-rambah para Yahudi dipun pèpèngeti cobi ingkang badhé dhumawah dhateng piyambakipun, suparandéné para titiyang wau sami puguh gagasanipun, bilih piyambakipun punika bangsa ingkang kinasih, mila boten badhé kelampahan piyambakipun badhé angsal siksa awit saking pandamelipun ingkang awon. Tembung *fitnah* punika boten namung mligi ateges siksa ing donya punika utawi siksa ing akhirat kémawon, nanging mengku kalih-kalihipun pisan. Para titiyang wau ugi sami nandhang cobi ingkang sakalangkung ageng ing gesang punika. Piyambakipun sami nandhang sangsara ingkang sakalangkung sanget wonten ing tanganipun sang nata Nebukadnezar tuwin para nata Babylon ing sapengkeripun, kathah sanget ingkang pinejahan, déné kakantunipun dipun dadosaken tiyang tawanan.

721. Kacariyos ingkang dipun karsakaken punika kautusipun Kanjeng Nabi Yahya tuwin Kanjeng Nabi ‘Isa wonten ing antawisipun para titiyang Yahudi wau (Rz). Dados Gusti Allah wangsul wilasa-Nipun dhateng piyambakipun, punika ateges: rawuhipun Kanjeng Nabi ‘Isa, déné para titiyang wau sami dados wuta lan tuli malih, punika ingkang dipun karsakaken sasaripun para titiyang Nasrani, déné

É, para turuning Israil! Padha ngabdia ing Allah, Pangéranku lan Pangéranmu.[722] Sayekti, sapa sing anjèjèraké sisihan karo Allah, lah temen Allah anglarangi taman iku tumrap dhèwèké, lan panggonané ing geni; lan para wong kang atindak dudu ora bakal padha duwé panulung.

يٰبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ اعْبُدُوا اللّٰهَ رَبِّيْ وَ
رَبَّكُمْ ؕ اِنَّهٗ مَنْ يُّشْرِكْ بِاللّٰهِ فَقَدْ
حَرَّمَ اللّٰهُ عَلَيْهِ الْجَنَّةَ وَ مَاْوٰىهُ
النَّارُ ؕ وَمَا لِلظّٰلِمِيْنَ مِنْ اَنْصَارٍ ﴿٧٢﴾

73 Sayekti temen kafir para kang padha acalathu: Sayekti, Allah iku katelune telu;[723] lan ora ana pangéran kajaba Pangéran Ingkang-Mahatunggal lan manawa dhèwèké padha ora mareni anggoné padha calathu mangkono, sayekti temen siksa kang anglarani bakal angregem dhèwèké sing padha kafir.

لَقَدْ كَفَرَ الَّذِيْنَ قَالُوْٓا اِنَّ اللّٰهَ ثَالِثُ
ثَلٰثَةٍ ۘ وَمَا مِنْ اِلٰهٍ اِلَّآ اِلٰهٌ وَّاحِدٌ ؕ
وَاِنْ لَّمْ يَنْتَهُوْا عَمَّا يَقُوْلُوْنَ لَيَمَسَّنَّ
الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ﴿٧٣﴾

74 Lah apa ta dhèwèké padha ora arep bali marang Allah sarta padha nyuwun pangapura-Né? Lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

اَفَلَا يَتُوْبُوْنَ اِلَى اللّٰهِ وَيَسْتَغْفِرُوْنَهٗ ؕ وَاللّٰهُ
غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٧٤﴾

75 Ora liya Masih putrané Maryam iku kajaba sawijining utusan; temen wis *kaliwat* para utusan ing sadurungé; lan ibuné iku wong wadon temen; karo-karoné padha mangan pangan.[724]

مَا الْمَسِيْحُ ابْنُ مَرْيَمَ اِلَّا رَسُوْلٌ ۚ
قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلِهِ الرُّسُلُ ؕ وَاُمُّهٗ
صِدِّيْقَةٌ ؕ كَانَا يَاْكُلٰنِ الطَّعَامَ ؕ

sami mangéran dhateng Kanjeng Nabi ‘Isa, inggih punika kawontenan nyata ingkang kalayan terang kawarsitakaken wonten ing ayat candhakipun.

722. “Pangéran Allahira kang dadi sesembahanira, lan aja ngabekti marang liyané (Mattéus 4: 10). Dhawuh ingkang nglepataken sanget piwulang Nasrani bab kapangérananipun Kanjeng Nabi ‘Isa punika dipun tandhinga kaliyan dhawuhing ayat 82 ingkang kalayan barès angakeni sisifatanipun para Nasrani ingkang saé. Quran boten naté mengsahi umat punapa kémawon ingkang ngantos lajeng mastani awon kasaénan-kasaénan ingkang wonten ing umat wau, makaten ugi inggih boten naté anggènipun mimitran kaliyan satunggaling umat punika ngantos ngèndelaken kémawon sasaripun umat wau.

723. Terang ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika piwulang Nasrani bab Triniji. Dipun pèngetana bilih asma Siti Maryam, boten kasebutaken gagayutan kaliyan piwulang Triniji. Nanging rèhning para titiyang Nasrani, langkung-langkung para titiyang Katolik Rum, sami numrapaken sifat Kapangéranan dhateng Siti Maryam, margi kaanggep bilih panjenenganipun punika ibuning Allah, mila Quran inggih asring nyebutaken panjenenganipun wau sareng-sareng kalayan Kanjeng Nabi ‘Isa, inggih punika kasebutaken anggènipun sami déné manusa wantah.

724. Kraos ngelih saha dhahar tetedhan, punika nedahaken bilih Kanjeng Nabi ‘Isa lan ingkang ibu

Delengan, kapriyé anggon-Ingsun anggenahaké timbalan-timbalan marang dhèwèké; tumuli delengan, kapriyé anggoné padha maléngos.

اُنْظُرْ كَيْفَ نُبَيِّنُ لَهُمُ الْاٰيٰتِ ثُمَّ
انْظُرْ اَنّٰى يُؤْفَكُوْنَ ﴿٧٥﴾

76 Calathua: Apa sira padha angabdi saliyané Allah, barang kang ora anguwasani apa kang ambabayani lan apa kang makolèhi tumrapé sira? Lan Allah – Panjenenganѐ iku Amiyarsa, Angudanèni.

قُلْ اَتَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَا
يَمْلِكُ لَكُمْ ضَرًّا وَّلَا نَفْعًا ۗ وَاللّٰهُ هُوَ
السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ ﴿٧٦﴾

77 Calathua: É, para pandhèrèking Kitab! Aja padha keladuk ing dalem agamanira, kalawan ora bener, lan aja sira padha manut pépénginané para wong kang temen wis padha kesasar dhèk biyèn, sarta padha anasaraké ing akèh sarta padha sasar saka dadalan bener.[724A]

قُلْ يٰۤاَهْلَ الْكِتٰبِ لَا تَغْلُوْا فِيْ
دِيْنِكُمْ غَيْرَ الْحَقِّ وَلَا تَتَّبِعُوْۤا اَهْوَآءَ
قَوْمٍ قَدْ ضَلُّوْا مِنْ قَبْلُ وَاَضَلُّوْا
كَثِيْرًا وَّضَلُّوْا عَنْ سَوَآءِ السَّبِيْلِ ﴿٧٧﴾

RUKU' 11

Para Nasrani sami celak kaliyan Islam

78-81. Para turun Israil dipun la'nati Kanjeng Nabi Dawud sarta 'Isa, amargi saking panerakipun. 82. Panggethingipun para Yahudi sarta sumanakipun para Nasrani dhateng Muslimin. 83-86. Para Nasrani ingkang sami angèstu dhateng Islam.

78 Para turun Israil kang padha kafir padha dila'nati atas sabdané Dawud lan 'Isa putrané Maryam. Iki amarga saka anggoné padha andaga sarta amlangkah wates.[725]

لُعِنَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْۢ بَنِيْۤ اِسْرَآءِيْلَ
عَلٰى لِسَانِ دَاوٗدَ وَعِيْسَى ابْنِ مَرْيَمَ ۗ
ذٰلِكَ بِمَا عَصَوْا وَّكَانُوْا يَعْتَدُوْنَ ﴿٧٨﴾

punika manusa wantah. Saupami kanjeng Nabi 'Isa punika langkung saking manusa wantah, yekti panjenenganipun inggih wonten ing sanginggiling kabetahanipun manusa wantah; ingkang baku piyambak manusa punika nedha, tanpa mawi nedha manusa mesthi boten saged gesang. Nanging Pangéran mesthi boten ambetahaken tetedhan wau.

724A. *Guluww* utawi *keladuk* ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika ingkang dipun karsakaken piwulang Nasrani anggènipun sampun ngangkat manusa wantah ngantos dumugi pangkat kaluhuraning Pangéran. Ing ngriki para Nasrani sami dipun pangandikani bilih anggènipun sami andadosaken piwulang punika dados dhadhasaring agaminipun, punika yektinipun namung sami manut (tiru-tiru) piwulang sasar ingkang sampun kawulangakaken déning umat ing sadèrèngipun. Panliti priksa énggal mangké ambuktèkaken bilih anggènipun para titiyang Nasrani mangéran dhateng manusa, punika namung nedhak sungging kémawon bangsa-bangsa nembah brahala ing jaman sadèrèng-dèrèngipun, ingkang ugi sami mangéran dhateng manusa.

725. Sasampunipun mangandikakaken Kanjeng Nabi Musa, Kanjeng Nabi Dawud lan Kanjeng

79 Padha ora gelem pengingpinenging saka panggawé nistha kang padha dilakoni; temen ala apa kang padha dilakoni.

كَانُوا لَا يَتَنَاهَوْنَ عَنْ مُّنْكَرٍ فَعَلُوهُ ۚ
لَبِئْسَ مَا كَانُوا يَفْعَلُونَ ٧٩

80 Sira bakal weruh, dhèwèké sapirang-pirang kang padha apawong mitra para kang padha kafir; temen ala apa kang disadhiyakaké déning jiwa-jiwané tumrap marang dhèwèké, déné Allah dadi ora rena marang dhèwèké, lan ana ing sajroning siksa olèhé bakal padha manggon.

تَرَىٰ كَثِيرًا مِّنْهُمْ يَتَوَلَّوْنَ الَّذِينَ
كَفَرُوا ۚ لَبِئْسَ مَا قَدَّمَتْ لَهُمْ أَنْفُسُهُمْ
أَنْ سَخِطَ اللَّهُ عَلَيْهِمْ وَفِي الْعَذَابِ
هُمْ خَالِدُونَ ٨٠

81 Lan yèn ta padha angèstua ing Allah lan nabi[726] sarta apa kang kadhawuhaké marang dhèwèké, ora bakal padha angalap pawong mitra dhèwèké, ananging dhèwèké iku sing akèh padha murang yekti.

وَلَوْ كَانُوا يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالنَّبِيِّ وَمَا
أُنْزِلَ إِلَيْهِ مَا اتَّخَذُوهُمْ أَوْلِيَاءَ وَلَٰكِنَّ
كَثِيرًا مِّنْهُمْ فَاسِقُونَ ٨١

82 Temen sira bakal nemu (nyatané, yèn) banget-bangeting manusa kang mungsuh marang para kang padha angèstu iku para Yahudi lan para kang manembah pangéran akèh, lan sira bakal nemu (nyatané yèn) kang padha luwih raket mimitrané marang para kang

لَتَجِدَنَّ أَشَدَّ النَّاسِ عَدَاوَةً لِّلَّذِينَ
آمَنُوا الْيَهُودَ وَالَّذِينَ أَشْرَكُوا ۖ
وَلَتَجِدَنَّ أَقْرَبَهُمْ مَّوَدَّةً لِّلَّذِينَ

Nabi ‘Isa, inggih punika ingkang mangka jèjèr ageng-agenging kabegjan ingkang sampun kagayuh déning nabi-nabi Bani Israil, inggih menggahing kaluhuran dunyawi, inggih menggahing kaluhuran ruhani, rawuhipun Kanjeng Nabi lajeng kapangandikakaken kalayan tembung ingkang terang gamblang. Tembung *la’nat* ing ngriki mengku tegesipun ingkang asli. Nabi-nabi kalih warni wau sadaya, sampun sami maringi pèpènget dhateng para titiyang Yahudi bilih anggènipun sami murang-yakti punika mesthi badhé mahanani dhumawuhing siksanipun Pangéran, ingkang boten dangu malih mesthi badhé kasandhang déning para titiyang wau, manawi boten sami purun nyaèkaken kalakuwanipun. Jamanipun nabi-nabi warni kalih wau katungka kaliyan bilai ageng ingkang andhawahi para titiyang Yahudi, inggih punika nalika kajarah rayah déning para ratu ing Babilon tuwin nalika karisak déning sang nata Titus.

726. *Nabi* ing ngriki ingkang dipun karsakaken Kanjeng Nabi Musa. Inggih panjenenganipun punika ingkang kalayan terang mecakaken badhé rawuhipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad. Awit saking punika, manawi para titiyang wau pranyata sami angèstu dhateng Kanjeng Nabi Musa, mesthi botenipun piyambakipun sami anggolong dhateng mengsahipun Kanjeng Nabi saha sasarengan milawani ing panjenenganipun.

ءَامَنُوا الَّذِينَ قَالُوٓا إِنَّا نَصَٰرَىٰ ذَٰلِكَ بِأَنَّ مِنْهُمْ قِسِّيسِينَ وَرُهْبَانًا وَأَنَّهُمْ لَا يَسْتَكْبِرُونَ ﴿٨٢﴾

padha angèstu, iku para kang padha calathu: Aku iki Nasrani; iki amarga dhèwèké iku ana brahmanané lan maratapané lan amarga dhèwèké iku padha ora gumedhé.[727]

JUZ VII

وَإِذَا سَمِعُوا مَآ أُنْزِلَ إِلَى الرَّسُولِ تَرَىٰٓ أَعْيُنَهُمْ تَفِيضُ مِنَ الدَّمْعِ مِمَّا عَرَفُوا مِنَ الْحَقِّ يَقُولُونَ رَبَّنَآ ءَامَنَّا فَاكْتُبْنَا مَعَ الشَّٰهِدِينَ ﴿٨٣﴾

83 Lan manawa dhèwèké padha krungu apa kang kadhawuhaké marang utusan, sira weruh mripaté padah nrocos eluhé, amarga saka anggoné padha weruh ing yakti; padha acalathu: Pangéran kawula! kawula sami angèstu, milanipun mugi Tuwan kapareng anyerat kawula nunggil para saksi-(ning yakti).[728]

وَمَا لَنَا لَا نُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَمَا جَآءَنَا مِنَ الْحَقِّ وَنَطْمَعُ أَنْ يُدْخِلَنَا رَبُّنَا مَعَ الْقَوْمِ الصَّٰلِحِينَ ﴿٨٤﴾

84 Lan yagéné aku padha ora angèstu ing Allah sarta barang yakti kang wis tumeka marang aku, kang mangka aku padha kayungyun, amrih Pangéranku anglebokaké aku nunggal para wong tulus?

---

727. Ayat punika nedahaken péranganipun agami Nasrani ingkang saé, sarta punika saged suka bukti ingkang terang, bilih agami Islam punika jajagadan sifatipun, momot sanget, ngantos nadyan kasaénan punika dumunung wonten ing umat ingkang kalayan terang-terangan mengsahi dhateng Islam, meksa purun angakeni wontenipun kasaénan wau.

728. Ingkang kapangandikakaken punika para titiyang Nasrani ingkang purun angèstu. Sawenèh saking éwonipun titiyang ingkang makaten wau wonten ingkang linangkung, kadosta sang nata ing nagari Habasyah. Nalika jaman wiwitan kautusipun Kanjeng Nabi, nalika kaum Muslimin dipun kaniaya ingkang sakalangkung sanget déning para titiyang Quraisy, ngantos kepeksa mlajeng saking Makkah, inggih wonten nagarinipun sang nata wau anggènipun para Muslimin angsal pangayoman. Wonten ing ngriku para Muslimin meksa taksih dipun tututi déning utusanipun para tukang nganiaya, ingkang salajengipun murih sang nata Nasrani wau boten rena dhateng para Muslimin ingkang keplajeng wau, sang nata dipun aturi rembag bilih titiyang ingkang sami ngungsi mriku punika boten namung maoni brahalanipun titiyang Makkah kémawon, nanging ugi remen nyanyamah Kanjeng Nabi 'Isa (Yesus Kristus). Titiyang Muslimin dipun timbali badhé kapriksa kados pundi aturipun ingatasipun pandakwa wau. Panuntunipun para Muslimin maos sapéranganipun surat "Maryam" ingkang marsitakaken bab Kanjeng Nabi 'Isa. Punika sakalangkung anggènipun mranani panggalihipun sang prabu, ngantos panjenenganipun muwun, sarta ngandika bilih Kanjeng Nabi 'Isa punika saglugut kémawon boten langkung saking katranganipun Quran punika. Ing salajengipun sang nata ngrasuk agami Islam, punika terang, tandhanipun nalika pawartos sédanipun sang nata wau kapiyarsa déning Kanjeng Nabi ing Madinah, Kanjeng Nabi kapareng nyembahyangaken.

85 Mulané Allah angganjar dhèwèké patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, amarga saka pangucapé mau, supaya padha manggon ing kono; lan iki ganjarané para kang padha agawé becik (ing liyan).

Ar. *ngisoré*

فَأَثَابَهُمُ اللَّهُ بِمَا قَالُوا جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا ۚ وَذَٰلِكَ جَزَاءُ الْمُحْسِنِينَ ﴿٨٥﴾

86 Wondéné para kang padha kafir lan padha anggorohaké timbalan-timbalan-Ingsun, iki para mitraning geni.

وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَحِيمِ ﴿٨٦﴾

RUKU' 12

Para Muslimin pinaringan pèpènget prakawis tindak dosa pangadatanipun para umat ingkang rumiyin-rumiyin

87-89. Dipun prayogèkaken nganggé lan mamrih barang ingkang kaiden. 90, 91. Sajeng lan ngabotohan dipun awisi. 92, 93. Ambangun turut lan anetepi wajib dipun damel tatalesing pandamel.

87 É, para kang padha angèstu! aja sira padha anglarangi (awakira dhéwé) barang angresepaké, kang Allah angenakaké tumrap marang sira lan aja padha anerak wates; sayekti Allah iku ora remen marang para kang padha anerak wates.[729]

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تُحَرِّمُوا طَيِّبَاتِ مَا أَحَلَّ اللَّهُ لَكُمْ وَلَا تَعْتَدُوا ۚ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْمُعْتَدِينَ ﴿٨٧﴾

88 Lan padha mangana barang paparingé Allah marang sira, kang kaidèn kang angresepaké, lan padha di bekti ing Allah, Kang padha sira èstu.

وَكُلُوا مِمَّا رَزَقَكُمُ اللَّهُ حَلَالًا طَيِّبًا ۚ وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي أَنْتُمْ بِهِ مُؤْمِنُونَ ﴿٨٨﴾

89 Allah ora anganggep ing sumpahira kang kalawan lahan,[a]

a. 200

لَا يُؤَاخِذُكُمُ اللَّهُ بِاللَّغْوِ فِي أَيْمَانِكُمْ

729. Dhawuh punika boten namung nglepataken cara ngunjara badanipun piyambak kados ingkang katindakaken dhateng para pandhita Nasrani, kados déné ingkang sampun kapangandikakaken ing ruku' ingkang sampun, nanging ugi nglepataken pandamel ingkang lèrègipun nampik nugrahaning Pangéran sarana nganggé pakarti ingkang awon tuwin kesèd. Dados ingkang sapisan para Muslimin kapangandikakaken sampun ngantos sami manut caranipun titiyang Nasrani sami amblenggu awakipun piyambak, kaping kalihipun sami dipun pèpèngeti bilih sagedipun sami angsal nugrahaning Pangéran wau ngemungaken manawi piyambakipun sami purun ngupados punika kalayan sakiyat-kiyatipun.

وَلٰكِنْ يُّؤَاخِذُكُمْ بِمَا عَقَّدْتُّمُ الْاَيْمَانَ ۚ
فَكَفَّارَتُهٗۤ اِطْعَامُ عَشَرَةِ مَسٰكِيْنَ مِنْ
اَوْسَطِ مَا تُطْعِمُوْنَ اَهْلِيْكُمْ اَوْ كِسْوَتُهُمْ
اَوْ تَحْرِيْرُ رَقَبَةٍ ۗ فَمَنْ لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ
ثَلٰثَةِ اَيَّامٍ ۗ ذٰلِكَ كَفَّارَةُ اَيْمَانِكُمْ اِذَا
حَلَفْتُمْ ۗ وَاحْفَظُوْۤا اَيْمَانَكُمْ ۗ كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ
اللّٰهُ لَكُمْ اٰيٰتِهٖ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ﴿٨٩﴾

ananging Panjenengané anganggep sumpah kang kalawan pupuntonira; mulané tebusané[730] mènèhi pangan wong miskin sapuluh, arupa (pangan) kang sedhengan kang sira anggo ngingoni brayatira, utawa padha sira sandhangi, utawa mardikakaké gulu siji; nanging sapa sing ora bisa éntuk (sarana) lah puwasa telung dina; iki tebusané sumpahira manawa sira nibakaké sumpah; lan padha ngreksaa sumpahira.[731] Kaya mangkono Allah anggoné anerangaké timbalan-timbalan-É marang sira, supaya sira padha atur panuwun.

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْۤا اِنَّمَا الْخَمْرُ وَالْمَيْسِرُ
وَالْاَنْصَابُ وَالْاَزْلَامُ رِجْسٌ مِّنْ عَمَلِ
الشَّيْطٰنِ فَاجْتَنِبُوْهُ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ ﴿٩٠﴾

b. 280, 281
c. 662
d. 663

90 É, para kang padha angèstu! sajeng lan ngabotohan[b] lan (wadal marang) watu kang padha ditata ngadeg[c] sarta panah (pethèk)[d] iku ora liya lelethek panggawéning sétan, mulané sira dohana, supaya sira padha begja.[732]

730. Lepat sanget manawi dipun kinten bilih ayat punika ngidini nebus sarupaning sumpah. Manawi ayat punika kacundhukaken kaliyan ayat-ayat ingkang sampun-sampun nedahaken bilih sumpah ingkang dipun karsakaken punika sumpah ingkang magepokan kaliyan prasetya (ujar, kaul) lan sasamanipun, ingkang lèrègipun prasetya ngawisi awakipun piyambak barang ingkang pancènipun kaidèn. Manawi kacundhukaken ugi kaliyan 2: 226, nedahaken bilih ayat wau ugi kedah kacundhukaken malih kaliyan ayat ing sadèrèngipun (inggih punika 2: 225), ingkang ngawisi sumpah nyegah awakipun piyambak nindakaken sawenèh kasaénan. Dhawuh ingkang kasebut ing wekasaning ayat punika, ingkang mungel *padha ngreksaa sumpahira*, punika ugi nedahaken bilih boten sadaya sumpah kénging dipun terak, dados tebusan punika namung dipun idini tumrap prakawis sumpah ingkang margi saking sumpahipun wau tiyang lajeng kécalan sawenèh barang ingkang kaidèn utawi kécalan kelonggaran anindakaken kautaman. Salajengipun sampun cetha bilih Kitab ingkang migatosaken sanget kawajiban netepi sawarnining janji, punika mokal sanget manawi ngidinana nerak prajanjian ingkang dipun kiyataken kalayan sumpah.

731. *Padha ngreksaa sumpahira,* tegesipun: aja padha sumpah kajaba manawa perlu temenan (Rz). Dhawuh punika ugi kénging dipun suraos *padha netapana sumpahira,* inggih punika: disetya marang sumpah manawa sira iku sumpah.

732. Ayat punika ngawisi babar pisan sadaya barang ingkang mendemi tuwin ngabotohan. Langkung-langkung nitik saking anggènipun sadaya wau katunggilaken kaliyan “wadal dhateng séla ingkang kapasang tumrap brahala-brahala” *tuwin panah pethèk,* punika saya cetha anggènipun nandhakaken bilih sadaya wau kalebet awisan ing ayat 3. Dipun riwayataken nalika ayat punika katurunaken, sanalika dipun undhangaken déning satunggaling tiyang turut margi-marginipun kitha Madinah, bilih sajeng kawisan, sarta saking anggènipun tanggap anetepi undhang-undhang punika, ing sanalika wau sadaya encèh (klemuk) wadhah sajeng ingkang wonten ing saben griyanipun tiyang Muslimin dipun suntaki, ngantos margi-margi kilènan sajeng (Bkh). Ing babadipun donya dèrèng naté

91 Sétan iku mung ngarah arep nukulaké mumungsuhan lan gegethingan ing antaranira asarana sajeng lan ngabotohan, sarta anyegah sira saka éling maring Allah tuwin saka ing salat; lah apa ta sira arep padha marèni?[733]

إِنَّمَا يُرِيدُ الشَّيْطَٰنُ أَن يُوقِعَ بَيْنَكُمُ الْعَدَٰوَةَ
وَالْبَغْضَآءَ فِي الْخَمْرِ وَالْمَيْسِرِ وَيَصُدَّكُمْ
عَن ذِكْرِ اللَّهِ وَعَنِ الصَّلَوٰةِ ۖ فَهَلْ
أَنتُم مُّنتَهُونَ ﴿٩١﴾

92 Lan padha ambangun-turuta maring Allah sarta padha ambangun-turuta marang Utusan lan padha di ngati-ati; ananging manawa sira padha mléngos, lah padha sira weruha, manawa sasanggané Utusan-Ingsun iku mung anekakaké kalawan terang.

وَأَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ وَاحْذَرُوا ۚ
فَإِن تَوَلَّيْتُمْ فَاعْلَمُوا أَنَّمَا عَلَىٰ رَسُولِنَا
الْبَلَٰغُ الْمُبِينُ ﴿٩٢﴾

93 Ingatasé para kang padha angèstu lan anglakoni panggawé becik, ora pisan ana cacadé ing sajroné barang kang kapangan,[734] manawa padha ngati-ati (saka ing ala) sarta padha angèstu tuwin padha anglakoni panggawé becik, tumuli padha ngati-ati (ing wajibé) sarta padha agawé becik (ing liyan); lan Allah iku remen marang para kang padha agawé becik (ing liyan).

لَيْسَ عَلَى الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّٰلِحَٰتِ
جُنَاحٌ فِيمَا طَعِمُوا إِذَا مَا اتَّقَوا وَّآمَنُوا
وَعَمِلُوا الصَّٰلِحَٰتِ ثُمَّ اتَّقَوا وَّآمَنُوا ثُمَّ
اتَّقَوا وَّأَحْسَنُوا ۗ وَاللَّهُ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ ﴿٩٣﴾

RUKU' 13

Boten wonten umat ingkang badhé saget angagru-agru kaamananipun Ka'bah

94-96. Bebedhag punika salebetipun mangsa haji dipun awisi. 97-100. Piweca tumrap kaamananipun Ka'bah.

---

kelampahan awon ingkang sampun ngoyod sakalangkung lebet kados déné kasukan minum punika, saged dipun sirnakaken sami sanalika, tur kalayan ambabarpisani, kados ingkang kelampahan nalika tumuruning ayat punika.

733. Ing ngriki namung katerangaken saprakawis, nanging cetha, punapa sababipun déné barang ingkang mendemi lan ngabotohan dipun awisi.

734. Ingkang dipun pangandikakaken ing ayat punika para titiyang ingkang sampun tilar donya ing sadèrèngipun awisan punika katurunaken. Éwadéné sanajan ayat punika dipun suraosa tumuju dhateng sadaya para angèstu, meksa boten saged dipun suaraos ngéngingaken kula sami nindakaken punapa ingkang sampun kaawisan. Jalaran tiyang ingkang angèstu nglampahi pandamel saé, lan ngatos-atos ing wajibipun, punika mesthi inggih boten purun celak-celak barang awisan. Angèstu lan ngatos-atos ing wajibipun, dipun sebutaken ngantos ambal kaping tiga, punika mengku suraos nyebutaken

94 É, para kang padha angèstu, yekti Allah bakal anyoba ing sira tumrap sawenèhing buburon, kang bisa kacekel déning tangan-tanganira lan towokira, supaya Allah anguningani sapa sing wedi marang Panjenengané ana ing pasepèn; mulané, sapa sing anerak wates sawusé mangkéné iki, iya bakal olèh bagéan siksa kang nglarani.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَيَبْلُوَنَّكُمُ ٱللَّهُ بِشَيْءٍ
مِّنَ ٱلصَّيْدِ تَنَالُهُۥٓ أَيْدِيكُمْ وَرِمَاحُكُمْ
لِيَعْلَمَ ٱللَّهُ مَن يَخَافُهُۥ بِٱلْغَيْبِ ۚ فَمَنِ
ٱعْتَدَىٰ بَعْدَ ذَٰلِكَ فَلَهُۥ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٩٤﴾

95 É, para kang padha angèstu! aja padha matèni buburon sajroné sira isih nglakoni haji,[735] lan sira, sapa sing amatèni kalawan jaragan, lah wawalesé kéwan ingon satimbangé apa kang wis dipatèni, miturut anggoné ambebeneri golonganira wong loro kang padha ngadil, minangka atur-atur tinekakaké ing Ka’bah, utawa, tebusané, awèh pangan marang wong-wong miskin, utawa puwasa satimbangé iki, supaya dhèwèké angrasakna ora beciking kadadéaning panggawéné; Allah angapura apa kang wis kapungkur; lan sapa sing angambali manèh, Allah bakal anibakaké wawales marang dhèwèké; lan Allah iku Minulya, Gustining Wawales.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَقْتُلُواْ ٱلصَّيْدَ
وَأَنتُمْ حُرُمٌ ۚ وَمَن قَتَلَهُۥ مِنكُم مُّتَعَمِّدًا
فَجَزَآءٌ مِّثْلُ مَا قَتَلَ مِنَ ٱلنَّعَمِ يَحْكُمُ
بِهِۦ ذَوَا عَدْلٍ مِّنكُمْ هَدْيًۢا بَٰلِغَ ٱلْكَعْبَةِ
أَوْ كَفَّٰرَةٌ طَعَامُ مَسَٰكِينَ أَوْ عَدْلُ ذَٰلِكَ
صِيَامًا لِّيَذُوقَ وَبَالَ أَمْرِهِۦ ۗ عَفَا ٱللَّهُ عَمَّا
سَلَفَ ۚ وَمَنْ عَادَ فَيَنتَقِمُ ٱللَّهُ مِنْهُ ۗ
وَٱللَّهُ عَزِيزٌ ذُو ٱنتِقَامٍ ﴿٩٥﴾

96 Dikenakaké tumrapé sira buroné sagara[736] sarta pangané,[737]

أُحِلَّ لَكُمْ صَيْدُ ٱلْبَحْرِ وَطَعَامُهُۥ مَتَٰعًا

kawajibanipun manusa warni tiga, inggih punika: kawajiban ingkang tumrap dhateng Gusti Allah, dhateng badanipun piyambak, lan dhateng ngasanès.

735. Awisan mejahi bubujengan nalika saweg nindakaken ngibadah haji, punika minangka cihna ngaosi dhateng kaamananipun Ka’bah. Kajawi punika ingkang makaten wau ugi perlu kanggé anjagi kawilujengan, jalaran manawi wonten ing klempakanipun tiyang kathah kados makaten wau dipun kaparengaken ambubujeng, mesthi badhé nuwuhaken lalampahan ingkang ambabayani tumrap nyawa lan badanipun tiyang.

736. Tembung *bahr* ingkang kagem ing ngriki mengku teges ingkang wiyar, dados bubujenganing saganten punika mengku teges sadaya bubujengan ing toya, sami kémawon punapa saganten, lèpèn, punapa tlaga (Rz).

737. *Tha’am* (tedha)-nipun saganten ing ngriki kadamel béda kaliyan bubujenganipun, sarta

minangka pangan tumrap ing sira sarta tumrap para lalaku, lan dilarangi ingatasé sira buroning dharatan sasuwéné sira anglakoni haji, lan padha di bekti maring Allah, kang sira iku bakal padha ingimpun marang Panjenengané.

لَكُمْ وَلِلسَّيَّارَةِ ۖ وَحُرِّمَ عَلَيْكُمْ صَيْدُ الْبَرِّ مَا دُمْتُمْ حُرُمًا ۗ وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ﴿٩٦﴾

97 Allah wus andadèkaké Ka'-
bah,[738] Padaleman Suci, dadi
minangka pikuwat tumrap para
manusa[739] apa déné sasi suci sarta
atur-atur tuwin babanten kang
a. 659 linungsir-lungsir;[a] mangkéné iki
supaya sira padha weruha, yèn
Allah iku anguningani sabarang
kang ana ing langit-langit lan
sabarang kang ana ing bumi, lan
yèn Allah iku Ingkang-Mahawikan
ing samubarang.

جَعَلَ اللَّهُ الْكَعْبَةَ الْبَيْتَ الْحَرَامَ قِيَامًا لِلنَّاسِ وَالشَّهْرَ الْحَرَامَ وَالْهَدْيَ وَالْقَلَائِدَ ۚ ذَٰلِكَ لِتَعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ وَأَنَّ اللَّهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ﴿٩٧﴾

98 Padha weruha, yèn Allah iku abanget piwalesé (marang ala), sarta yèn Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

اعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ وَأَنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿٩٨﴾

99 Sasangganing Utusan iku ora liya kajaba anekakaké (timbalan), lan Allah iku anguningani apa kang padha sira wedhar lan apa kang padha sira singidaké.

مَا عَلَى الرَّسُولِ إِلَّا الْبَلَاغُ ۗ وَاللَّهُ يَعْلَمُ مَا تُبْدُونَ وَمَا تَكْتُمُونَ ﴿٩٩﴾

miturut khalifah Nabi ingkang sapisan, ateges: *barang panggihan*, *ingkang asalipun kentas* (*dhateng daratan*) *saking saganten utawi lèpèn*, utawi *barang ingkang kapagol* (*ing daratan*) *nalika katut robipun toya*, *ingkang pamendhetipun tanpa mawi ambetahaken pambudidaya ingkang awrat* (Rz).

738. Tembung ka'bah punika asal saking tembung ka'aba, tegesipun *mindhak ageng* utawi *dados inggil*, déné anggènipun winastan makaten wau margi saking *kaluhuranipun* Ka'bah wau (Rz), utawi punika nama ingkang mengku piweca, ingkang nedahaken bilih Ka'bah wau badhé linuhur ing donya punika ing salami-laminipun. Ka'bah wau ugi winastan *Baitu-l-Haram*, utawi *padaleman Suci*, saha ing antawisipun bangsa Arab misuwuripun winastan *baitullâh*, jawinipun *Padalemanipun Allah.* Wangunipun ingkang deles, alang-ujuripun 55 pecak lan 50 pecak, nanging plataran ingkang kaadegan Ka'bah wau ukuran 530 pecak lan 500 pecak.

739. Punika piweca bilih Ka'bah punika ing salami-laminipun badhé lastantun tetep dados pangayoman tumrap para manusa, dados punjering ener para ingkang sami jiyarah haji ing salami-laminipun tuwin ingkang dhatengipun kalayan sami ambekta kéwan ingkang badhé kadamel kurban. Piweca punika kawiyosaken wonten ing wekasaning dhawuh: "Mangkéné iki supaya sira padha weruha, yèn Allah iku anguningani sabarang kang ana ing langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi;" terangipun, kanyataanipun piweca punika wonten ing sadaya jaman ingkang badhé dhateng,

100 Calathua: Ora padha barang ala karo barang becik iku sanajan ta anggumunaké marang sira kèhé barang ala iku; mulané padha di bekti maring Allah, é, para kang ana akalé, supaya sira padha begja.

قُلْ لَّا يَسْتَوِي الْخَبِيْثُ وَالطَّيِّبُ وَلَوْ
أَعْجَبَكَ كَثْرَةُ الْخَبِيْثِ ۚ فَاتَّقُوا اللّٰهَ يٰٓأُولِي
الْأَلْبَابِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ ﴿١٠٠﴾

RUKU' 14

Lajengipun angger-angger tumrap para Muslimin

101, 102. Pitakènan prakawis riricikan boten dipun prayogèkaken. 103-105. Sawarnining pangadatan ingkang tuwuh saking panyembah pangéran kathah dipun tulak. 106-108. Pasaksi, manawi leresipun anggèning aneksèni dipun sumelangaken.

101 É, para kang padha angèstu! aja padha atatakon barang-barang, kang manawa diwedharaké marang sira, bakal anusahaké sira, lan manawa iku padha sira takokaké nalikané Quran didhawuhaké, bakal diwedharaké marang sira; Allah angapura prakara iki, lan Allah iku Aparamarta, Momot.[740]

يٰٓأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَسْـَٔلُوْا عَنْ أَشْيَآءَ
إِنْ تُبْدَ لَكُمْ تَسُؤْكُمْ ۚ وَإِنْ تَسْـَٔلُوْا عَنْهَا
حِيْنَ يُنَزَّلُ الْقُرْاٰنُ تُبْدَ لَكُمْ ۖ عَفَا اللّٰهُ
عَنْهَا ۗ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ حَلِيْمٌ ﴿١٠١﴾

102 Wong-wong ing sadurungira temen padha takon prakara iku, tumuli padha dadi kafir *amarga saka* prakara iku.[741]

Ut. marang ing dalem

قَدْ سَأَلَهَا قَوْمٌ مِّنْ قَبْلِكُمْ ثُمَّ أَصْبَحُوْا
بِهَا كٰفِرِيْنَ ﴿١٠٢﴾

103 Allah ora (namtokaké ing undhang) andadèkaké *bahîrah* lan *sâibah* lan *washîlah* sarta *hâmi*, ananging para kang padha kafir agawé-gawé goroh ditibakaké marang Allah, lan dhèwèké iku sing akèh-akèh padha ora ngerti.[742]

مَا جَعَلَ اللّٰهُ مِنْ بَحِيْرَةٍ وَّلَا سَآئِبَةٍ
وَّلَا وَصِيْلَةٍ وَّلَا حَامٍ ۙ وَّلٰكِنَّ الَّذِيْنَ
كَفَرُوْا يَفْتَرُوْنَ عَلَى اللّٰهِ الْكَذِبَ ۖ وَ
أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُوْنَ ﴿١٠٣﴾

---

punika badhé dados tandha yakti ing Mahawikanipun Allah, inggih punika ingkang sampun amecakaken piweca wau ing nalikanipun Ka'bah punika prasasat boten kasumerepan babar pisan wonten ing sajawinipun laladan Arab (Mirsanana 469).

740. Islam, boten ngarsakaken pandamel ingkang awrat-awrat, kadosta gesang mandhita, makaten ugi Islam ugi ngawisi pitakèn ingkang ngéngingi piprincènipun prakawis warni-warni, jalaran ingkang makaten wau mesthi badhé mahanani sawenèh cara lajeng kaanggep wajib. Kathah prakawis ingkang kasarahaken kémawon dhateng pahamipun satunggal-tunggaling tiyang utawi dhateng kawontenaning jaman lan panggènan.

741. Dhawuh punika boten mligi nuju dhateng salah satunggaling umat. Babadipun umat ingkang sampun-sampun nedahaken bilih pratélan punika umumipun nyata.

742. Ngeculaken sawenèh kéwan karana kanggé mulyakaken brahala, punika sampun kacara

104 Lan nalikané padha dikandhani: Ayo padha mrénéa mara marang apa kang wus kadhawuhaké déning Allah lan marang Utusan, padha acalathu: Wis cukup tumrapé aku apa kang wis padha *tinemu* ana ing bapak-bapakku. Apa! Apa ya sanajan bapakbapakné padha ora weruh barangbarang sarta padha ora nurut dalan kang bener.

Ar. *daktemu*

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ تَعَالَوْا إِلَىٰ مَا أَنزَلَ اللَّهُ
وَإِلَى الرَّسُولِ قَالُوا حَسْبُنَا مَا وَجَدْنَا
عَلَيْهِ آبَاءَنَا ۚ أَوَلَوْ كَانَ آبَاؤُهُمْ
لَا يَعْلَمُونَ شَيْئًا وَلَا يَهْتَدُونَ ﴿١٠٤﴾

105 É, para kang padha angèstu! padha di rumeksa ing jiwanira; *sasaring wong* iku ora ambabayani marang sira, manawa sira padha ngambah dalan bener; marang Allah bakal balinira kabèh baé, banjur Panjenengané bakal aparing weruh marang sira apa kang wis sira lakoni.

Ut. *wong sing sasar*

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا عَلَيْكُمْ أَنفُسَكُمْ ۖ لَا
يَضُرُّكُم مَّن ضَلَّ إِذَا اهْتَدَيْتُمْ ۚ إِلَى
اللَّهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيعًا فَيُنَبِّئُكُم بِمَا
كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿١٠٥﴾

106 É, para kang padha angèstu! manawa pati amareki salah sawijinira, nalika atinggal weling, anguwuha wong loro kang ngadil saka golonganira, supaya aneksèni ing antaranira, utawa wong loro

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا شَهَادَةُ بَيْنِكُمْ إِذَا
حَضَرَ أَحَدَكُمُ الْمَوْتُ حِينَ الْوَصِيَّةِ
اثْنَانِ ذَوَا عَدْلٍ مِّنكُمْ أَوْ آخَرَانِ مِنْ

wonten ing kalanganipun bangsa Arab. Boten prabéda kalayan anggènipun Islam nyirnakaken sawarnining kakantunanipun panembah brahala, makaten ugi tatacara punika, ing ngriki ugi dipun lepataken. *Bahîrah* (saking tembung *bahara* jawinipun *ngethok* utawi *ngiris*) punika tegesipun *unta èstri ingkang dipun iris kupingipun.* Manawi unta èstri (miturut sawenèh ngulami kalebet ugi *méndha gèmbèl èstri* utaw*i méndha kacangan èstri*) punika sampun manak kaping gangsal (utawi pitu, utawi sadasa), manawi ingkang kantun piyambak punika medal jaler, lajeng dipun pragat, nanging manawi èstri, lajeng dipun iris kupingipun. Miturut kateranganipun ngulami sanès, biyungipun; unta èstri wau ugi lajeng dipun mardikakaken, boten dipun pragat lan boten dipun anggé ambekta momotan (LL).

Sâibah (saking tembung *sâaba* jawinipun *ucul*) tegesipun kéwan ingkang dipun etogaken saba ing sakajeng-kajengipun piyambak. Miturut katranganipun ngulami sanès, *Sâiba* punika biyungipun *bahîrah*, utawa unta èstri ingkang margi sampun manak èstri urut-urutan ngantos kaping sadasa, lajeng dipun mardikakaken saba ing sakajeng-kajengipun piyambak lan boten dipun tumpaki tuwin boten dipun pendhet puhanipun (LL).

Washîlah (saking tembung *washala*, jawinipun *nyambet* utawi *anggandhèng*) tegesipun *ménda èstri* ingkang manak kembar, jaler kaliyan èstri. Manawi manakipun punika medal jaler thok, lajeng dipun pragat tumrap brahala, manawi medal èstri thok, dipun opèni. Nanging manawi medal kembar jaler kaliyan èstri, jaleripun dipun anggep sambet kaliyan èstrinipun, awit saking punika lajeng boten dipun pragat kanggé kurban dhateng para sesembahanipun (Rz).

Hâmi (saking tembung *hamahu* jawinipun *ngawisi*, *nyegah*, *ngayomi*, *rumeksa*) tegesipun *unta jaler ingkang ingawisan gigiripun* (boten kénging dipun tumpaki utawi dipun momoti); *ingkang dipun*

liyané saka saliyané golonganira[743] manawa sira pinuju lulungan ing bumi mangka babaya pati angenani ing sira; (saksi) sakaroné sira candheta nganti sabubaring salat; tumuli, manawa sira semang-semang (marang dhèwèké) supaya sakaroné padha sumpah ing Allah, (akanthi calathu): Iki, aku ora bakal padha angurupaké ajèn-ajèn, sanajan ta sanak, lan ora bakal aku padha angumpet pasaksining Allah,[744] amarga aku iki mundhak padha kalebu èwoné para wong dosa.

غَيْرِكُمْ إِنْ أَنْتُمْ ضَرَبْتُمْ فِي الْأَرْضِ
فَأَصَابَتْكُمْ مُصِيبَةُ الْمَوْتِ ۚ تَحْبِسُونَهُمَا
مِنْ بَعْدِ الصَّلَاةِ فَيُقْسِمَانِ بِاللَّهِ إِنِ
ارْتَبْتُمْ لَا نَشْتَرِي بِهِ ثَمَنًا وَلَوْ كَانَ ذَا
قُرْبَىٰ ۙ وَلَا نَكْتُمُ شَهَادَةَ اللَّهِ إِنَّا إِذًا
لَمِنَ الْآثِمِينَ ﴿١٠٦﴾

Ut. *pantes olèh pana-cad*

107 Lah, manawa kasumurupan, sakaroné padha *atindak dosa*, iya banjur anaa loro liyané minangka gegentiné sakaroné saka golongané kang padha angluputaké dhèwèké, padha sanak cedhak sakaroné; banjur sakaroné padha sumpaha kalawan (anebut asmaning) Allah: Pasaksiku iki temen luwih nyata tinimbang pasaksiné sakaroné, lan aku padha ora amlangkah wates, amarga aku iki mundhak padha kalebu èwoné para wong atindak dudu.

فَإِنْ عُثِرَ عَلَىٰ أَنَّهُمَا اسْتَحَقَّا إِثْمًا فَآخَرَانِ
يَقُومَانِ مَقَامَهُمَا مِنَ الَّذِينَ اسْتَحَقَّ
عَلَيْهِمُ الْأَوْلَيَانِ فَيُقْسِمَانِ بِاللَّهِ لَشَهَادَتُنَا
أَحَقُّ مِنْ شَهَادَتِهِمَا وَمَا اعْتَدَيْنَا إِنَّا
إِذًا لَمِنَ الظَّالِمِينَ ﴿١٠٧﴾

mardikakaken lan boten dipun anggé; ingkang turunipun pangkat kalih sugih anak (LL, Rz).

743. Cariyos ing wingking punika sasambetan kaliyan tumurunipun ayat punika. Wonten tiyang jaler kalih sami sadhèrèk, sami déné tiyang Nasrani, Tamin Dari tuwin ‘Adi. Tiyang kalih punika nalika wonten ing Siriyah dipun titipi sawenèh barang déning mitranipun Muslim nama Budail ingkang badhé tilar donya, supados barang-barang wau dipun pasrahaken dhateng warisipun, manawi piyambakipun wangsul mantuk dhateng Madinah. Sadhèrèk kakalih wau nylimpedaken cawan slaka, déné barang sanèsipun kapasrahaken dhateng warisipun Budail. Warisipun Budail manggih cathetan ingkang pepak, ngantos katitik bilih cawan selaka ingkang dipun slimpedaken wau kagolong sapéranganipun barang-barang ingkang suwau kadarbé déning Budail. Lah pasaksinipun tiyang Nasrani sasadhèrèk wau kawiyak doranipun.

Cariyos punika ambuktèkaken bilih ngantos jaman ingkang akhir-akhir, inggih punika nalika jaman tumurunipun surat punika, nalika sampun ngajengaken wekasaning sugengipun Kanjeng Nabi, sasambetanipun tiyang Islam kalayan tiyang Nasrani taksih saé, sanajan béda agaminipun. Salajengipun punika ugi ambuktèkaken bilih miturut Quran Suci, pasaksinipun tiyang pandhèrèkipun agami sanès punika katampi.

744. “Pasaksinipun Allah” punika ateges pasaksi ingkang kadhawuhaken Allah supados dipun wedharaken kalayan saleres-leresipun.

108 Iku luwih mungguh, amrih padha amènèhaké pasaksi kalawan apa anané,[745] utawa padha kuwatir manawa sawisé anggoné padha sumpah, tinungka ing sumpah liyané; lan padha di ngati-ati (wajibira) marang Allah sarta padha angrungokna; lan Allah iku ora anuntun para wong kang murang yekti.

ذَٰلِكَ أَدْنَىٰٓ أَن يَأْتُوا۟ بِٱلشَّهَٰدَةِ عَلَىٰ وَجْهِهَآ أَوْ يَخَافُوٓا۟ أَن تُرَدَّ أَيْمَٰنٌۢ بَعْدَ أَيْمَٰنِهِمْ ۗ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَٱسْمَعُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلْفَٰسِقِينَ ﴿١٠٨﴾

RUKU' 15

Tresnanipun para Nasrani dhateng gesang sapunika punika

109, 110. Kanjeng Nabi 'Isa punika lugu namung nabi. 111-115. Para pandhèrèkipun sami nyuwun muwuh-muwuhipun pasadiyaning gesang sapunika punika.

109 Ing dinané Allah bakal angimpun para utusan, (lan) banjur angandika: Kapriyé anggonira padha katampanan? Padha munjuk: Kawula sami boten gadhah seserepan, saèstu Tuwan punika Ingkang-Mahawikan ing samukawis ingkang boten katingal.[746]

يَوْمَ يَجْمَعُ ٱللَّهُ ٱلرُّسُلَ فَيَقُولُ مَاذَآ أُجِبْتُمْ ۖ قَالُوا۟ لَا عِلْمَ لَنَآ ۖ إِنَّكَ أَنتَ عَلَّٰمُ ٱلْغُيُوبِ ﴿١٠٩﴾

110 Nalikané Allah angandika: É, 'Isa anaké Maryam! élinga nugraha-ningsun marang sira lan marang biyungira, nalikané Ingsun anguwataké sira kalawan *wedharing sabda* suci; sira anyalathoni wong-wong ana ing jeroning bandhulan lan nalikané tuwa,[a] lan nalika Ingsun amulang sira Kitab lan

Ut. *ruh*

a. 426

إِذْ قَالَ ٱللَّهُ يَٰعِيسَى ٱبْنَ مَرْيَمَ ٱذْكُرْ نِعْمَتِى عَلَيْكَ وَعَلَىٰ وَٰلِدَتِكَ إِذْ أَيَّدتُّكَ بِرُوحِ ٱلْقُدُسِ تُكَلِّمُ ٱلنَّاسَ فِى ٱلْمَهْدِ وَكَهْلًا ۖ وَإِذْ عَلَّمْتُكَ ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْحِكْمَةَ

745. Ukara ليس لكلامك وجه tegesipun: *ora ana nyatané* utawi *beneré gunemmu iku* (TA-LL), sarta ugi قص الحديث على وجهه ateges: *ngandharaké carita kalayan apa* mesthiné (LL, ing bab qashsh). Wajh ugi ateges maksud, cara, adhep utawi patrap.

746. Suraosipun pandangon punika makaten: Apa kang padha sira tekani iku gelem padha nampani anggonira kautus (gelem nampani agami kang sira ampil) lan lastari gelem netepi iku, apa ora? Atur wangsulanipun para nabi, namung Gusti Allah piyambak ingkang uninga, kados pundi anggènipun nampèni umatipun ing kautusipun, jalaran para nabi wau sami boten saged ngaturaken sapinten agenging kalepatanipun para ingkang sami milawani, lan inggih boten saged ngaturaken punapa ingkang sami purun nampèni kautusipun wau tulus tetep netepi punika ing sasampunipun para nabi wau séda.

kawicaksanan sarta Taurèt tuwin Injil; lan nalika sira agawé barang, bakalé lemah, rupané kaya manuk, kalawan idin-Ingsun,[a] tumuli sira tiyup ing jeroné, banjur dadi manuk kalawan idin-Ingsun, lan sira amarasaké wong wuta lan wong budhugen kalawan idin-Ingsun;[b] lan nalikané sira anangèkaké wong mati kalawan idin-Ingsun;[c] lan nalikané Ingsun anyegah para turun Israil saka (anggoné arep amrawasa ing) sira nalika sira anekani kalawan tandha-tandha yekti, ananging sawenèhé ana kang padha kafir acalathu: Iki ora liya kajaba kemayan kang cetha.

وَالتَّوْرٰىةَ وَالْاِنْجِيْلَ ۚ وَاِذْ تَخْلُقُ مِنَ الطِّيْنِ كَهَيْـَٔةِ الطَّيْرِ بِاِذْنِيْ فَتَنْفُخُ فِيْهَا فَتَكُوْنُ طَيْرًا ۢ بِاِذْنِيْ وَتُبْرِئُ الْاَكْمَهَ وَالْاَبْرَصَ بِاِذْنِيْ ۚ وَاِذْ تُخْرِجُ الْمَوْتٰى بِاِذْنِيْ ۚ وَاِذْ كَفَفْتُ بَنِيْٓ اِسْرَاۤءِيْلَ عَنْكَ اِذْ جِئْتَهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ فَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْهُمْ اِنْ هٰذَآ اِلَّا سِحْرٌ مُّبِيْنٌ ﴿١١٠﴾

111 Lan nalikané Ingsun amedhar sabda marang para murid,[d]
d. 433 pangandika-Ningsun: Padha angèstua marang Ingsun sarta marang utusan-Ingsun, padha munjuk: Kawula sami angèstu tuwin aneksèni, bilih kawula punika sami tiyang sumarah.

وَاِذْ اَوْحَيْتُ اِلَى الْحَوَارِيّٖنَ اَنْ اٰمِنُوْا بِيْ وَبِرَسُوْلِيْ ۚ قَالُوْٓا اٰمَنَّا وَاشْهَدْ بِاَنَّنَا مُسْلِمُوْنَ ﴿١١١﴾

112 Nalika para murid padha matur: Dhuh ‘Isa putraning Maryam! punapa Pangéran ijengandika kapareng ing karsa[747] anurunaken tedha saking langit dhateng kula sadaya?[748] Calathuné: Padha di bekti ing Allah,

اِذْ قَالَ الْحَوَارِيُّوْنَ يٰعِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ هَلْ يَسْتَطِيْعُ رَبُّكَ اَنْ يُّنَزِّلَ عَلَيْنَا مَاۤىِٕدَةً مِّنَ السَّمَاۤءِ ۗ قَالَ اتَّقُوا اللّٰهَ

747. *Yastathî’u* kénging dipun tegesi mawi tegesipun ingkang asli, inggih punika: *saged nindakaken satunggaling barang*, utawi kados anggènipun nyuraos Rgh sawenèh saking katranganipun tembung wau, inggih punika: *yastathî’u* lan *yuthî’u* punika sami tegesipun, inggih punika *punapa marengaken utawi punapa karsa minangkani panyuwun punika* (Rgh, TA-LL).

748. *Mâidah* punika saking tembung *mâda*, gadhah teges warni kalih: (1) *èbah* tuwin (2) *maringi nugraha*. Miturut Rgh *mâdani* ateges *mènèhi pangan marang aku*, sarta مَاۤىِٕدَةً مِّنَ السَّمَاۤءِ kénging dipun tegesi *tetedhan* utawi *ngèlmu*, jalaran ngèlmu punika dados tedhanipun manah, boten prabéda lan tedhaning badan wadhag (Rgh). *Mâidah* ugi ateges méja ingkang dipun sèlèhi tetedhan, nanging méja thok tanpa tetedhan boten winastan makaten (Al-Farisi-LL). Dados katitik saking tegesipun ingkang asli lan saking kanggènipun tembung wau, cetha bilih *mâidah* punika *tedha*, sarta teges punika dipun anggé déning LL mawi awawaton katranganipun para ahli basa kathah sanget. Rz negesi *mâthiyah*, jawinipun *paparing.*

اِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ﴿١١٢﴾

manawa sira iku padha wong angèstu.

قَالُوْا نُرِيْدُ اَنْ نَّأْكُلَ مِنْهَا وَتَطْمَئِنَّ
قُلُوْبُنَا وَنَعْلَمَ اَنْ قَدْ صَدَقْتَنَا وَنَكُوْنَ
عَلَيْهَا مِنَ الشّٰهِدِيْنَ ﴿١١٣﴾

113 Dhèwèké padha matur: Punika kula sami kapéngin badhé nedha, saha amrih sami antenga manah kula, punapa déné supados kula punika sami sumerep, bilih ijengandika punika saèstu mangandikakaken yekti dhateng kula, saha supados kula punika sami dados golonganipun para saksi ingatasipun punika.

قَالَ عِيْسَى ابْنُ مَرْيَمَ اللّٰهُمَّ رَبَّنَآ
اَنْزِلْ عَلَيْنَا مَآئِدَةً مِّنَ السَّمَآءِ تَكُوْنُ
لَنَا عِيْدًا لِّاَوَّلِنَا وَاٰخِرِنَا وَاٰيَةً مِّنْكَ ۚ
وَارْزُقْنَا وَاَنْتَ خَيْرُ الرّٰزِقِيْنَ ﴿١١٤﴾

114 ‘Isa anaké Maryam munjuk: Dhuh, Allah, Pangéran kawula! Mugi Tuwan anurunaken dhateng kawula tetedhan saking langit, ingkang tumrapipun ing kawula dados kabegjan ingkang lumintu[749] tumrap wiwitan kawula saha tumrap wekasan kawula, punapa déné tandha yekti saking ngarsa Tuwan, saha mugi amaringana rejeki kawula, lan Tuwan punika Saé-saénipun para juru aparing rejeki.[750]

قَالَ اللّٰهُ اِنِّيْ مُنَزِّلُهَا عَلَيْكُمْ ۚ فَمَنْ
يَّكْفُرْ بَعْدُ مِنْكُمْ فَاِنِّيْٓ اُعَذِّبُهٗ عَذَابًا

115 Allah angandika: Sayekti, iku, Ingsun bakal nurunaké marang sira, ananging sawisé iku sapa kancanira kang angafiri, lah sayekti Ingsun bakal aniksa dhèwèké

749. Miturut Bd, ‘Id punika ateges kabegjan ingkang lumintu utawi tuking kabingahan.

750. Sajakipun ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika sembahyangan nyuwun *tedha ing sadinten-dinten* punika, ingkang déning Kanjeng Nabi ‘Isa sajakipun kalebetaken dhateng sembahyangan *Rama kawula* ingkang misuwur punika, margi sahabatipun sanget anggènipun tumiyung dhateng kadonyan. Sampun terang bilih tetedhan bumi punika kalayan kathah kaparingaken dhateng para titiyang Nasrani, nanging punika murugaken para titiyang wau kécalan tetedhan ing langit. Kula aturi nandhing kaliyan sembahyangipun titiyang Islam ing Surat ingkang sapisan, ing ngriku ingkang kasuwun kalayan sanget: margi ingkang leres, sanès tetedhan. Nitik wujudipun sembahyangan, inggih punika mamrih *kabegjan ingkang luminthu*, tétéla manawi sembahyangan wau boten kok nyuwun méja ingkang kebak tetedhan, kados panginten ingkang limrah-limrah punika. Déné bab prakawis tumurun saking langit, punika dipun èngetana bilih miturut basanipun Quran Suci, sadaya barang punika kagunganipun Pangéran sarta katurunaken dhateng para manusa. Kula aturi nyundukaken kaliyan 15: 21: “Ora ana suwiji barang kajaba ana Ingsun pagedhongané, lan Ingsun ora anurunaké iku kajaba kalayan kadar kang kinawruhan.”

kalawan siksa kang ora bakal Ingsun siksakaké marang sakèhing bangsa siji-sijia.

لَّآ أُعَذِّبُهُۥٓ أَحَدًا مِّنَ ٱلْعَٰلَمِينَ ۝١١٥

RUKU' 16

Wulangan palsu punika anggènipun angwontenaken sasampuning sédanipun Kanjeng Nabi 'Isa

116-118. Wulangan bab kapangérananipun Kanjeng Nabi 'Isa punika anggènipun angwontenaken sasampuning sédanipun. 119, 120. Ganjaranipun para angèstu.

116 Lan nalikané Allah bakal ngandika: É, 'Isa anaké Maryam! Apa sira acalathu marang para manusa: Kowé padha angalapa aku lan ibuku minangka sesembahan sakaroné, saliyané Allah,[751] bakal munjuk: mahasuci Tuwan punika, boten layak kawula punika yèn

وَإِذْ قَالَ ٱللَّهُ يَٰعِيسَى ٱبْنَ مَرْيَمَ ءَأَنتَ قُلْتَ لِلنَّاسِ ٱتَّخِذُونِى وَأُمِّىَ إِلَٰهَيْنِ مِن دُونِ ٱللَّهِ ۖ قَالَ سُبْحَٰنَكَ مَا يَكُونُ

751. Awit saking kateranganipun dhawuh punika, bilih Siti Maryam kaanggep sesembahan déning titiyang Nasrani, sawenèh tukang kritik Quran fihak Nasrani lajeng mastani bilih miturut Quran Triniji punika dumados saking jèjèr tiga – Allah, Kanjeng Nabi 'Isa, tuwin Siti Maryam. Nanging punika pamanggih ingkang babar pisan atanpa waton. Pancèn inggih, Siti Maryam punika kapangandikakaken manawi kaanggep dados sesembahan déning titiyang Nasrani; nanging ing ngriki boten nyebutaken bab piwulang Triniji, sarta Kapangérananipun Siti Maryam inggih boten kasebutaken manawi pinuju mangandikakaken bab Triniji. Saupami Siti Maryam punika boten dipun pundhi-pundhi déning para titiyang Nasrani margi kaanggep "Ibuning Allah," ingkang mastani makaten wau nama wonten leresipun, inggih punika Quran nyata seling serep, mastani Siti Maryam dados jèjèripun Triniji ingkang angka tiga. Nanging piyandel lan tatacara, ingkang manawi miturut fihak Protéstan winastan "*Mariolatry*," punika sampun kaloka sanget. Wonten ing buku katekhismus (buku piwulang agami riningkes) Katulik Rum piwulang ing ngandhap punika kasebutaken wonten ing ngriku. "Panjenengané iku pranyata ibuning Allah, sarta Kawa kang kaping pindho, kang alantaran panjenengané kita kabèh olèh barkah lan olèh urip; panjenengané iku ibuning Sih lan dadi pangayoman kita; recané Siti Maryam iku luwih déning migunani" (*Enc. Br.* 11th ed., vol. 17, kaca 813). Dipun terangaken ugi bilih ing sembahyangan Litani, lantaranipun Siti Maryam dipun susuwun. Salajengipun dipun terangaken bilih ing nagari-nagari Thrakie, Skythia tuwin ing tanah Arab wonten tiyang-tiyang èstri ingkang ajeg sami manembah sang kénya kadi déné Allah èstri, sawenèh upacaranipun manembah, atur sasaji kuwih-kuwih. Pangarang wau ugi nerangaken makaten: "Wiwit jaman konsili ing Ephese (kelampahan nalika taun Maséhi 431), masang récanipun sang kénya tuwin sang timur punika dados pracihnaning orthodoks ingkang dipun prayogèkaken sanget …….. Tuwuhipun piwulang mundhi-mundhi Siti Maryam (Marian kultus), punika ing tanah Wétan lan ing Kilèn ing sasampunpun putusan ing Ephese sami kémawon, mila inggih tangèh lamun sagedipun katlusur babadipun …… Sang nata Yustinian wonten ing salah satunggaling angger-angger nerangaken anggènipun Siti Maryam jumeneng pangayoman Kerajaan, sarta Panjenenganipun ngukir asmanipun Siti Maryam wau wonten ing altar ingkang inggil ing Gereja énggal St. Sophia. Sang sénapati Narses nyuwun pitedahipun Siti Maryam nalika wonten papan paprangan. Sang nata Hérakléus masang recanipun Siti Maryam wonten ing gendéranipun. Yuhanan Damaskus mastani Siti Maryam punika Maharaja putri ingkang ngratoni sagung titah, ingkang sampun katelukaken déning ing putra. Petrus Damian ngakeni bilih panjenengnipun punika luhur-luhuripun titah sadaya, sarta munjuk dhateng Siti Maryam (patrapipun

amicantena barang ingkang kawula boten gadhah hak (amicantenaken); manawi ta kawula amicantenna punika, lah punika saèstu Tuwan angudanèni; Tuwan punika angudanèni punapa ingkang wonten ing salebeting manah kawula saha kawula boten sumerep ingkang wonten ing salebeting tyas Tuwan;[751A] saèstu, Tuwan, Tuwan punika Ingkang-Mahawikan ing samukawis ingkang boten katingal:

لِيٓ أَنۡ أَقُولَ مَا لَيۡسَ لِي بِحَقٍّۚ إِن
كُنتُ قُلۡتُهُۥ فَقَدۡ عَلِمۡتَهُۥۚ تَعۡلَمُ مَا فِي
نَفۡسِي وَلَآ أَعۡلَمُ مَا فِي نَفۡسِكَۚ إِنَّكَ
أَنتَ عَلَّٰمُ ٱلۡغُيُوبِ ١١٦

117 Boten pisan kawula andhawuhaken dhateng piyambakipun, kajawi punapa ingkang sampun Tuwan dhawuhaken dhateng kawula, inggih punika: Padha ngawulaa ing Allah, Pangéranku lan
a. 227 Pangéranmu,[a] saha kawula punika dados saksi dhateng piyambakipun ing sadangunipun kawula nunggil piyambakipun, ananging sareng Tuwan sampun adamel pejah kawula, Tuwan Ingkang-rumeksa dhateng piyambakipun saha Tuwan punika saksi ingatasipun samukawis;[752]

مَا قُلۡتُ لَهُمۡ إِلَّا مَآ أَمَرۡتَنِي بِهِۦٓ أَنِ ٱعۡبُدُواْ
ٱللَّهَ رَبِّي وَرَبَّكُمۡۚ وَكُنتُ عَلَيۡهِمۡ شَهِيدٗا
مَّا دُمۡتُ فِيهِمۡۖ فَلَمَّا تَوَفَّيۡتَنِي كُنتَ أَنتَ
ٱلرَّقِيبَ عَلَيۡهِمۡۚ وَأَنتَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ شَهِيدٌ ١١٧

kados-kados Siti Maryam taksih sugeng) kados déné dhateng Pangéran tuwin kados déné ingkang kagungan sadaya panguwaos ing langit lan ing bumi, nanging ingkang boten naté supé dhateng kita bangsa manusa." Jagad Nasrani pranyata "ambetahaken wontenipun juru-pantawis kanggé nengahi juru-pantawis ingkang sajati," milanipun Siti Maryam lajeng kasengkakaken ing ngaluhur ngantos dumugi ing kaluhuraning pangkat kapangéranan sasarengan lan Kanjeng Nabi 'Isa.

751A. *Punapa ingkang wonten ing salebeting manah kawula*, punika tegesipun *barang ingkang kawula sumerepi, déné punapa ingkang wonten ing salebeting tyas Tuwan*, punika *barang ingkang Tuwan uningani*.

752. Ayat punika dados bukti ingkang cetha bilih Kanjeng Nabi 'Isa punika sampun séda, séda limrah, boten kok taksih sugeng wonten ing langit dumugi sapunika, kados déné pangandelipun titiyang Nasrani tuwin kados déné panginteniipun titiyang muslim ingkang kathah-kathah punika; jalaran ing ngriki Kanjeng Nabi 'Isa munjuk, bilih ing sadangunipun panjenenganipun nunggil kaliyan para pandhèrèkipun, panjenenganipun dados saksi dhateng kawontenaning pandhèrèkipun wau, sarta panjenenganipun boten mrangguli pandhèrèkipun sami nganggep pangéran dhateng panjenenganipun. Dados Mirid saking katrangan punika, pupuntoning pamanggih ingkang leres mastani, bilih piwulang lepat bab Kapangérananipun Kanjeng Nabi 'Isa, punika anggènipun kalebetaken dhateng agami Nasrani ing sasampuning panjenenganipun séda, ing sasampunipun "*Tuwan sampun adamel pejah kawula*" (salajengipun kula aturi mirsani 436).

118 Manawi Tuwan badhé aniksa ing piyambakipun, pancèn saèstu piyambakipun punika sami kawula Tuwan; saha manawi Tuwan paringi pangapunten, lah saèstu Tuwan punika Ingkang-Minulya, Ingkang-Wicaksana.

إِن تُعَذِّبْهُمْ فَإِنَّهُمْ عِبَادُكَ ۖ وَإِن تَغْفِرْ لَهُمْ فَإِنَّكَ أَنتَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿١١٨﴾

119 Allah arsa ngandika: Iki dina, kang para wong temen olèh paédah saka temené; bakal padha olèh patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ana ing kono salawasé; Allah sarju ing Panjenengané; iki pakolih kang gedhé.

Ar. *ngisoré*

قَالَ اللَّهُ هَٰذَا يَوْمُ يَنفَعُ الصَّادِقِينَ صِدْقُهُمْ ۚ لَهُمْ جَنَّاتٌ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا أَبَدًا ۚ رَّضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ وَرَضُوا عَنْهُ ۚ ذَٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ ﴿١١٩﴾

120 Kagunganing Allah karatoning langit-langit lan bumi iku lan sabarang kang ana ing kono; lan Panjenengané iku marang samubarang kawasa.

لِلَّهِ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا فِيهِنَّ ۚ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٢٠﴾

Wonten hadits pangandika Kanjeng Nabi ingkang kasebut ing Bkh, ingkang mangandikakaken bab prakawis sariranipun piyambak kalayan tetembungan kados ingkang wonten ing ngriki kawarna dados aturipun Kanjeng Nabi ‘Isa dhateng Pangéran. Kanjeng Nabi ngandika bilih bénjing dinten kiyamat panjenenganipun badhé diparingi pirsa déning Pangéran para titiyang ingkang sami nyalèwèng saking piwulangipun, “Aku bakal munjuk kaya unjuké kawula kang tulus kaé: Kawula punika dados saksi dhateng piyambakipun ing sadangunipun kawula nunggil piyambakipun ananging sareng Tuwan sampun adamel pejah kawula, Tuwan ingkang rumeksa dhateng piyambakipun.”

Hadits punika anedahaken kalayan terang, bilih anggèning pandhèrèkipun sami nyalèwèng saking piwulangipun punika ing sasampunipun Kanjeng Nabi ‘Isa lan kanjeng Nabi Muhammad séda.

Kula aturi mirsani Yuhanan 17: 3: “Wondéné menggah gesang langgeng punika makaten: tiyang manawi wanuh dhumateng Tuwan, Allah ingkang sajati piyambak, sarta wanuh dhateng utusan Tuwan Yesus Kristus;” tuwin Yuhanan 17: 12: “Salaminipun kawula nunggil kaliyan tiyang punika wonten ing donya, sami kawula reksa kawengku wonten ing asma Tuwan.”

آياتها ١٦٥ — سورة الأنعام مكية (٦) — ركوعاتها ٢٠

SURAT 6

AL-AN'AM

(*Raja kaya*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(20 *ruku'*, 166 *ayat*)

Pathinipun

Ruku'	1.	Ing wasana, kamenanganing Mahatunggalipun Allah.
Ruku'	2.	Kaagunganing wilasanipun Pangéran.
Ruku'	3.	Pasaksinipun para manembah-pangéran-kathah atas badanipun piyambak.
Ruku'	4.	Angemohi yekti.
Ruku'	5.	Kadadosanipun angemohi.
Ruku'	6.	Ganjaran para angèstu.
Ruku'	7, 8.	Pancasaning Pangéran
Ruku'	9.	Perlunipun kedah sumarah dhateng Gusti Allah sarta bab uluraning nalaripun Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku'	10.	Para nabi ingkang napak-tilas ing padanipun Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku'	11.	Kasunyatanipun wedharing sabdanipun Pangéran.
Ruku'	12.	Kamenangan-akhir-(ipun) Yekti.
Ruku'	13.	Kamajengan ingkang sarenti
Ruku'	14.	Panglawanipun para manembah-pangéran-kathah.
Ruku'	15.	Lawan ingkang ageng.
Ruku'	16.	Tartamtunipun siksa ingkang angancam.
Ruku'	17.	Aweranipun para manembah brahala ingkang dipun trapaken dhateng badanipun piyambak.
Ruku'	18.	Tedha ingkang dipun awisi sarta pawadanipun para manembah brahala ingkang lalawora.
Ruku'	19.	Tuntunan pranataning ngagesang.
Ruku'	20.	Sedyanipun para Angèstu.

Nama lan sasambetanipun

Namanipun surat punika mirid saking dhwuh ingkang nyebutaken *raja kaya*, gagandhèngan kaliyan sawenèh adat tata cara gugon-tuhon tuwin panembah brahala Arab, ingkang tumrap kanggé anjumenengaken piwulang bab Mahatunggalipun Pangéran ingkang kalayan suci murni, perlu sanget tatacara wau dipun sirnakaken babar pisan. Sedyanipun Islam punika boten namung badhé mulangaken Kasawijèn kémawon, nanging ugi badhé andadosaken Kasawijèn wau dados dhadhasar ingkang tumus dumugi ing tindak wonten ing gesangipun para Muslimin, dados ambrastha sawarnining tata-cara kabrahalan.

Nalika mèh dugi ing pungkasanipun, surat ingkang sampun ngrembag piwulang Nasrani bab mangéran dhateng Kanjeng Nabi 'Isa; mila surat punika wiwitanipun ngrembag kalayan panjang apunjung piwulang bab Kasawijènipun Pangéran sarta menangipun ingkang wekasan, boten namung menangipun kaliyan panembah brahala kémawon, nanging ugi menangipun kaliyan sawarnining panembah pangéran kathah. Prayogi katerangaken pisan bilih nadyan bab Kasawijènipun Pangéran, ingkang dados baku-bakuning sedyanipun Quran badhé dipun jumenengaken punika sampun karembag wonten ing surat-surat ingkang sampun, nanging pangrembag ingkang kalayan panjang saweg ing ngriki punika, inggih punika ing sasampunipun piprincèning Angger-angger sampun kawahyokaken.

Ingkang kawarsitakaken

Manawi pathining ruku'-ruku'-ipun surat punika dipun waos kanthi tliti, ing ngriku badhé kacetha bilih bab ingkang sambet sumambet kapangandikakaken punika namung satunggal, inggih punika bab Mahatunggalipun Pangéran. Kanjeng Nabi anggènipun mulangaken piwulang ingkang linuhung punika wonten ing kitha pusering tanah Arab ngantos kalihwelas taun dangunipun, rinten dalu; suprandéné katingalipun tanpa wonten wohipun saged damel éwahan-éwahan ageng wonten ing antawisipun umat manembah brahala wau. Ing antawisipun tiyang maèwu-èwu ingkang sami mirengaken piwulangipun ingkang minulya punika, boten wonten tiyang satus ingkang purun nanggapi pangajakipun; déné tiyang sawatawis ingkang sampun ngrasuk Islam, sami ngungsi dhateng nagari Habasyah utawi ing sapunika sami tata-tata badhé bidhal dhateng Madinah. Awit saking punika tata-lahiripun makaten pakaryanipun Kanjeng Nabi punika kados boten badhé angsal damel babar pisan, suprandéné kayakinanipun Kanjeng Nabi dhateng menangipun ingkang wekasan Kasawijènipun Pangéran, punika sakalangkung déning ageng, ngantos anggènipun sajak boten angsal damel wau, makaten ugi sawarnining alangan, boten saged anggonjingaken kayakinanipun wau ing sakedhik-kedhika, sarta sabda ingkang kanggé ambukani surat punika, kadhawuhaken kalayan kayakinan ingkang kiyat dhateng menangipun ingkang wekasan pakaryanipun, ngantos kados-kados panjenenganipun boten naté kandheg lampahipun menggahing kalahiranipun. Lan kados-kados sedya ingkang katuju punika boten namung katingal gawang-gawang kémawon, nanging kados sampun celak sanget.

Sasambetanipun ruku' satunggal kaliyan satunggalipun, utawi urut-urutaning dhawuh wonten ing dalem surat punika, punika sampun terang, dados sampun boten perlu dipun rembag kathah-kathah. Ingkang minangka bubuka angundhangaken kalayan sabda ingkang kenceng lan cumeplos, bilih Kasawijènipun Pangéran wekasanipun mesthi badhé menang Ruku' ingkang angka kalih lajeng nyebutaken kaagunganing wilasanipun Pangéran, awit piwulang tauhid (Kasawijèn) punika mesthi kinanthènan piwulang bab wilasanipun Pangéran ingkang agung tanpa sama. Ruku' ingkang kaping tiga nyebutaken pasaksinipun para musyrik atas kamusyrikanipun, ingkang sampun boten wonten semang-semang malih asring kémawon kagelaraken piyambak wonten ing gesang sapunika punika ugi. Bab angemohi kasunyatan agung bab Mahatunggalipun Pangéran punika saha kedadosanipun, kasebutaken wonten ing ruku' ingkang kaping sekawan saha kaping gangsal, sarwi nyebutaken saclèrètan bab ganjaran para angèstu wonten ing ruku' ingkang kaping enem. Ing ruku' kakalih candhakipun kaundhangaken bilih pancasaning Pangéran punika sampun mèh badhé dhumawah. Wigatos dhawuh migatosaken bilih sumarah dhateng Pangéran – pathining agaminipun Kanjeng Nabi Ibrahim – punika kedah, ruku' ingkang kaping sanga nyebutaken bukti-buktinipun Kanjeng Nabi Ibrahim ingkang dipun anggé ngyakinaken umatipun, bilih nembah barang-barang sanèsipun Allah punika atanpa gina, (Kanjeng Nabi Ibrahim punika kénging winastan bapa babuning tauhid utawi manembah Pangéran Ingkang-Mahatunggal, sarta sampun boten wonten semang-semangipun malih panjenenganipun punika luluhuripun umat tauhid kakalih ingkang ageng piyambak ing jagad punika). Ruku' ingkang kaping sadasa nyebutaken asmanipun para andika nabi sanèsipun pitulas ingkang sami mulangaken Kasawijènipun Pangéran: Kanjeng Nabi kadhawuhan napak- tilas ing padanipun.

Ruku' ingkang kaping sawelas wigatos dhawuh migatosaken ing kayektèning Qur'an wahyu saking ngarsanipun Pangéran, ingkang ing sapunika dados juru-ngampil wasita Mahatunggalipun Pangéran dhateng sagung para manusa; ruku' candhakipun mangandikakaken menangipun ingkang wekasan wasita wau. Ruku' ingkang kaping tigawelas nyebutaken anggènipun milawani para musyrik. Upayanipun para bénggoling mengsah lajeng kasasmitakaken wonten ing ruku' ingkang kaping nembelas. Ruku' kakalih sambetipun nyebutaken aweran gugon-tuhon ingkang dipun trapaken dhateng awakipun piyambak déning para musyrik, inggih punika anyirik daginging sawenèh kéwan, sarta pawadanipun ingkang lalawora para musyrik wau anggènipun boten purun ambucal tatacaranipun kabrahalan. Tuntunan pranataning ngagesang lajeng kasebutaken kalayan cekak wonten ing ruku' ingkang kaping sangalas, salajengipun surat punika pinungkasan kalayan para angèstu; awit sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih piwulang Tauhid punika manawi dipun anggé mesthi badhé ngluhuraken èstining gesangipun manusa ngantos sakalangkung inggil.

Titimangsa tumurunipun

Kacariyosaken bilih surat punika ing sagemblengipun katurunaken sapisan rampung (I'Ab-Rz). Tumurunipun kagolong jaman Makkah, sarta limrahipun kaanggep kagolong dhateng taun ingkang wekasan nalika sugengipun Kanjeng Nabi wonten ing Makkah.

RUKU' 1

Ing wasana, kamenanganing Mahatunggalipun Allah

1-3. Mahatunggalipun Allah. 4, 5. Para tukang nginakaken. 6. Umat punika gèk gesang gèk pejah. 7-9. Kakafiran ingkang amberung, boten kenging dipun ajeng-ajeng. 10. Kadadosanipun.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Kabèh pangalembana iku kagunganing Allah, kang wus anitahaké langit-langit lan bumi, sarta wus andadèkaké pepeteng lan papadhang; éwadéné para kang padha kafir padha agawé sisihaning Pangérané.[753]

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَجَعَلَ الظُّلُمٰتِ وَالنُّوْرَ ۗ ثُمَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِرَبِّهِمْ يَعْدِلُوْنَ ①

2 Panjenengané iku kang ani-
tahaké sira saka ing lemah, tumuli
Ut. *samaya* amutus sawijinng *wawangen,* lan
munggguhing Panjenengané ana
Ar. *ingaran* wawangen kang *tinamtu*; éwadéné
Ut. *mamang* sira padha *madoni*.[754]

هُوَ الَّذِيْ خَلَقَكُمْ مِّنْ طِيْنٍ ثُمَّ قَضٰٓى اَجَلًا ۗ وَاَجَلٌ مُّسَمًّى عِنْدَهٗ ثُمَّ اَنْتُمْ تَمْتَرُوْنَ ②

3 Lan Panjenengané iku Allah ing langit-langit lan ing bumi; Panjenengané anguningani pagedhongan-(ing ati)-nira sarta gumelar(-ing pangucap)-ira, apa déné anguningani apa kang padha sira lakoni.[755]

وَهُوَ اللّٰهُ فِى السَّمٰوٰتِ وَفِى الْاَرْضِ ۗ يَعْلَمُ سِرَّكُمْ وَجَهْرَكُمْ وَيَعْلَمُ مَا تَكْسِبُوْنَ ③

753. Dhawuh bilih Allah punika Ingkang-nitahaken pepeteng lan papadhang, punika katujokaken lumawan piwulangipun agami Majusi bab "dwiniji" (*dualism*) inggih punika ingkang mastani bilih pepeteng lan papadhang punika uger-uger ingkang sami déné langgengipun. Agami Islam punika tauhid (pangandel dhateng Kasawijènipun Pangéran) ingkang murni piyambak. Miturut agami Islam pantoging tujuanipun sadaya barang punika Ingkang-Mahaagung, Ingkang-damel langit-langit lan bumi. Tauhid ingkang murni suka pangajeng-ajeng saé dhateng para manusa, bilih rèhning kasaénan punika dumunung wonten ing Pangéran, mila inggih murugi dhateng kasaénan wau maksud ingkang katuju déning sagung titah. Nanging tumrap "dwiniji" wontenipun awon punika perlu.

754. Wawangen ingkang sapisan, punika wawangening gesang, déné wawangen ingkang kaping kalih kiyamat. Utawi ingkang dipun karsakaken kalih-kalihipun wau wawangening gesang.

Ing ngriki kapangandikakaken bilih sadaya manusa punika katitahaken saking lebu, sarta punika anedahaken punapa tegesipun tumitah saking lempung utawi saking lebu punika. Teges punika ugi kedah dipun anggé negesi anggènipun Adam katitahaken saking lempung.

755. Lah punika mengku karsa mangandikakaken menangipun ingkang wekasan Tauhid.

4 Lan ora kena ora, yèn ana timbalan tumeka marang dhèwèké tunggalé timbalan-timbalaning Pangérané, masthi iku padha dipléngosi.

وَمَا تَأْتِيهِمْ مِّنْ اٰيَةٍ مِّنْ اٰيٰتِ رَبِّهِمْ
اِلَّا كَانُوْا عَنْهَا مُعْرِضِيْنَ ④

5 Dadi temen padha anggorohaké ing yakti nalikané anekani
Ar. *warta* dhèwèké, mulané *yakti* kang padha
Ar. *anekani* diguguyu iku bakal padha *anyoroti*
dhèwèké.

فَقَدْ كَذَّبُوْا بِالْحَقِّ لَمَّا جَآءَهُمْ فَسَوْفَ
يَأْتِيْهِمْ اَنْبٰٓؤُا مَا كَانُوْا بِهٖ يَسْتَهْزِءُوْنَ ⑤

6 Apa ta ora padha mawas, wis sapira kèhé para bangsa ing sadurungé, kang wus Ingsun sirnakaké, kang mauné Ingsun tetepaké ana ing bumi, kaya enggon Ingsun ora anetepaké ing sira, sarta Ingsun angutus mendhung angesokaké udan marang dhèwèké, lan Ingsun andadèkaké kali-kali kang padha mili ing sangisoré; banjur dhèwèké padha Ingsun sirnakaké amarga saka kaluputané, sarta ing sawisé dhèwèké Ingsun anuwuhaké bangsa liya.

اَلَمْ يَرَوْا كَمْ اَهْلَكْنَا مِنْ قَبْلِهِمْ مِّنْ
قَرْنٍ مَّكَّنّٰهُمْ فِي الْاَرْضِ مَا لَمْ نُمَكِّنْ
لَّكُمْ وَاَرْسَلْنَا السَّمَآءَ عَلَيْهِمْ مِّدْرَارًا
وَّجَعَلْنَا الْاَنْهٰرَ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهِمْ
فَاَهْلَكْنٰهُمْ بِذُنُوْبِهِمْ وَاَنْشَاْنَا مِنْ
بَعْدِهِمْ قَرْنًا اٰخَرِيْنَ ⑥

7 Lan saumpama Ingsun anurunaké marang sira tulis ing kertas, dhèwèké banjur anggrayang iku kalawan tangan-tanganè, amasthi para kang padha kafir padha acalathu: Iki ora liya kajaba kamayan kang cetha.[756]

وَلَوْ نَزَّلْنَا عَلَيْكَ كِتٰبًا فِيْ قِرْطَاسٍ
فَلَمَسُوْهُ بِاَيْدِيْهِمْ لَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا
اِنْ هٰذَآ اِلَّا سِحْرٌ مُّبِيْنٌ ⑦

8 Sarta padha calathu: Yagéné ora ana malaikat kang katurunaké marang dhèwèké? Lan saupama Ingsun anurunaké malaikat, amasthi prakara iki wis kaputus, banjur

وَقَالُوْا لَوْلَآ اُنْزِلَ عَلَيْهِ مَلَكٌ ۗ وَلَوْ
اَنْزَلْنَا مَلَكًا لَّقُضِيَ الْاَمْرُ ثُمَّ

756. Kula aturi nocogaken kaliyan 4: 153 “Pandhèrèking Kitab padha anjaluk marang sira, anurunaké kitab saka ing langit marang dhèwèké.”

لَا يُنْظَرُوْنَ ﴿٨﴾

dhèwèké ora bakal padha disumènèkaké.[757]

وَلَوْ جَعَلْنٰهُ مَلَكًا لَّجَعَلْنٰهُ رَجُلًا وَّلَلَبَسْنَا
عَلَيْهِمْ مَّا يَلْبِسُوْنَ ﴿٩﴾

9 Lan saupama sing Ingsun dadèkaké dhèwèké iku malaikat, masthi dhèwèké iya (maksa kudu) Ingsun dadèkaké wong, sarta masthi Ingsun gawé peteng tumrap dhèwèké kaya anggoné padha peteng (saiki).[758]

وَلَقَدِ اسْتُهْزِئَ بِرُسُلٍ مِّنْ قَبْلِكَ فَحَاقَ
بِالَّذِيْنَ سَخِرُوْا مِنْهُمْ مَّا كَانُوْا بِهٖ يَسْتَهْزِءُوْنَ ﴿١٠﴾ ع

10 Lan yekti temen para utusan ing sadurungira padha diguguyu, ananging apa kang padha diguguyu, anglimputi dhèwèké sing padha angguguyu.[759]

RUKU' 2

Kaagunganing wilasaning Pangéran

11. Pandumipun para titiyang ing jaman rumiyin. 12—18. Kamurahanipun Pangéran dhateng para titah. 19,20. Dipun tondhèkaken dhateng dumadosipun manusa.

قُلْ سِيْرُوْا فِي الْاَرْضِ ثُمَّ انْظُرُوْا كَيْفَ
كَانَ عَاقِبَةُ الْمُكَذِّبِيْنَ ﴿١١﴾

11 Calathua: Padha lalakua ana ing bumi, tumuli padha sira delenga, kapriyé wasanané para kang padha anggorohaké.

قُلْ لِّمَنْ مَّا فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ قُلْ

12 Calathua: Sapa ta sing andarbèni sabarang ing langit-langit lan bumi? Sira tutura: Kagungané

757. Saben-saben Quran mangandikakaken rawuhipun malaikat, punika tegesipun mesthi sami kaliyan dhumawuhing siksa ingkang dipun janjèkaken dhateng para ingkang sami milawani. Kula aturi nocogaken kaliyan 2: 210: "Ora liya kajaba mung padha angadhang-adhang. Allah angrawuhana dhèwèké ing sajroné ayang-ayanging méga akanthi para malaikat sarta prakara iku wis tinartamtu" sarta ayat 159: "Dhèwèké padha ora angentèni apa-apa kajaba tekané para malaikat marang dhèwèké, utawa rawuhé Pangéranira, utawa tekané sawenèhing tandha-tandhané Pangéranira."

758. Tegesipun manawi malaikat punika dipun dadosaken utusan dhateng para manusa, piyambakipun mesthi inggih awujud tiyang jaler, jalaran mripating manusa boten saged ningali malaikat lan jalaran namung manusa kémawon ingkang saged dipun anggé conto tumrap para manusa. Langkung-langkung manusa mesthi badhé kisruh kados déné bingungipun ing sapunika ing babagan kautusipun Kanjeng Nabi.

759. Para titiyang kathah sami anggugujeng ing janji-janji badhé kamenanganipun Kanjeng Nabi lan para mukminin, tuwin anggugujeng janji-janji bilih piwulang Tauhid wasananipun badhé menang kaliyan panembah brahala. Milanipun, kamenanganipun ingkang wekasan agami Islam, punika dados wangsulan ingkang saé dhateng anggènipun anggugujeng para titiyang wau, sarta para ingkang sami anggugujeng wau piyambak badhé dumunung wonten ing kawontenan dipun gugujeng.

Allah; Panjenengané wus amasthi ing Sarira-Né (dadi) wilasa;[760] yekti temen Panjenengané bakal angimpun sira ing dina kiyamat – tanpa ana semangé prakara iki. (Wondéné) para kang padha nunakaké jiwané, lah iku padha ora angèstu.

لِلّٰهِ ؕ كَتَبَ عَلٰى نَفْسِهِ الرَّحْمَةَ ؕ لَيَجْمَعَنَّكُمْ
اِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ لَا رَيْبَ فِيْهِ ؕ اَلَّذِيْنَ
خَسِرُوْۤا اَنْفُسَهُمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ﴿١٢﴾

13 Lan kagungan-É sabarang kang manggon ing wengi lan raina; lan Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Angudanèni.

وَلَهٗ مَا سَكَنَ فِي الَّيْلِ وَالنَّهَارِ ؕ
وَهُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ ﴿١٣﴾

14 Calathua: Apa aku iki angalap pangayoman saliyané Allah, Kang-Anitahaké langit-langit lan bumi, sarta Panjenengané Angingoni, ora diingoni. Calathua: Aku kadhawuhan dadia wiwitané wong sing sumarah, lan poma sira aja padha dadi golongané para sing manembah Pangéran akèh.

قُلْ اَغَيْرَ اللّٰهِ اَتَّخِذُ وَلِيًّا فَاطِرِ السَّمٰوٰتِ
وَالْاَرْضِ وَهُوَ يُطْعِمُ وَلَا يُطْعَمُ ؕ قُلْ
اِنِّيْۤ اُمِرْتُ اَنْ اَكُوْنَ اَوَّلَ مَنْ اَسْلَمَ
وَلَا تَكُوْنَنَّ مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ﴿١٤﴾

15 Calathua: Sayekti aku wedi siksa ing dina kang agung, manawa aku andagaa marang Pangéranku.

قُلْ اِنِّيْۤ اَخَافُ اِنْ عَصَيْتُ رَبِّيْ عَذَابَ
يَوْمٍ عَظِيْمٍ ﴿١٥﴾

16 Sapa sing ing dina iku diluputaké saka ing iku, lah temen sihing Allah marang dhèwèké; lan iki pakolih kang tétéla.

مَنْ يُّصْرَفْ عَنْهُ يَوْمَئِذٍ فَقَدْ رَحِمَهٗ ؕ
وَذٰلِكَ الْفَوْزُ الْمُبِيْنُ ﴿١٦﴾

17 Lan manawa Allah anggrayang sira asarana sangsara, lah iku ora ana kang bisa ambirat,

وَاِنْ يَّمْسَسْكَ اللّٰهُ بِضُرٍّ فَلَا كَاشِفَ

760. Dhawuh punika nerangaken wilasanipun Pangéran ingkang anglimputi. Dhawuh: *Panjenengané wus amesthi ing Sarira-Né* (*dadi*) *wilasa*, punika mengku teges bilih menggah ing sajatos-jatosipun wilasa punika sifat-Ipun. Bukti wilasanipun Pangéran punika sampun gumelar wonten ing jagad wadhag punika, inggih punika: Panjenenganipun sampun anitahaken sadaya barang kanggé kaperluwanipun manusa. Lah punapa inggih panjenenganipun boten maringi wilasa dhateng manusa tumrap kabetahanipun ruhani, lan punapa inggih Panjenenganipun boten anurunaken wahyu kanggé nuntun manusa?

Ar. *ang-grayang asarana*

kajaba Panjenengané, lan manawa Panjenengané *amatedhani* becik, lah Panjenengané iku marang samubarang kawasa.[761]

لَهُ إِلَّا هُوَ ۖ وَإِن يَمْسَسْكَ بِخَيْرٍ فَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿١٧﴾

18 Lan Panjenengané iku Ingkang-Mahawisésa angungkuli para kawula-Né; lan Panjenengané iku Ingkang-Wicaksana, Ingkang-Waspada.

وَهُوَ الْقَاهِرُ فَوْقَ عِبَادِهِ ۚ وَهُوَ الْحَكِيمُ الْخَبِيرُ ﴿١٨﴾

Ar. *antara-nira*

19 Calathua: Apa ta barang kang luwih gedhé pasaksiné? Calathua: Allah iku saksi antarané aku karo *sira*; lan diwedharaké marang aku Quran iki, supaya iki dakanggo mémélingi sira lan sapa-sapa kang katekan.[762] Apa ta sira iku temen padha aneksèni yèn ana sesembahan liyané, kanthiné Allah. Calathua: (Iku) aku ora neksèni. Calathua: Panjenengané iku sesembahan kang mung Sawiji, lan sayekti aku lebaran saka barang kang padha sira sakuthokaké (karo Panjenengané).

قُلْ أَيُّ شَيْءٍ أَكْبَرُ شَهَادَةً ۖ قُلِ اللَّهُ ۖ شَهِيدٌ بَيْنِي وَبَيْنَكُمْ ۚ وَأُوحِيَ إِلَيَّ هَٰذَا الْقُرْآنُ لِأُنذِرَكُم بِهِ وَمَن بَلَغَ ۚ أَئِنَّكُمْ لَتَشْهَدُونَ أَنَّ مَعَ اللَّهِ آلِهَةً أُخْرَىٰ ۚ قُل لَّا أَشْهَدُ ۚ قُلْ إِنَّمَا هُوَ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ وَإِنَّنِي بَرِيءٌ مِّمَّا تُشْرِكُونَ ﴿١٩﴾

20 Para kang padha Ingsun paringi Kitab padha weruh marang dhèwèké kaya weruhé marang anak-anaké; (déné) para kang padha mitunani jiwané dhéwé, iku ora padha angèstu.[763]

الَّذِينَ آتَيْنَاهُمُ الْكِتَابَ يَعْرِفُونَهُ كَمَا يَعْرِفُونَ أَبْنَاءَهُمُ ۘ الَّذِينَ خَسِرُوا أَنفُسَهُمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٢٠﴾

---

761. Dhawuh makaten punika kanggé suka pangertosan, bilih: rèhning Gusti Allah iku Mahakawasa, mula Panjenengané mesthi iya bakal maringi kabecikan marang sira.

762. Punika nedahaken kalayan terang bilih Kanjeng Nabi boten kagungan panganggep bilih sariranipun punika kados nabi namung dhateng para titiyang ingkang saged mirengaken wasitanipun, inggih punika namung dhateng titiyang Arab thok, nanging tumrap sadaya umat ingkang saged kadhatengan Quran, inggih punika tumrap saindhenging jagad.

763. Rèhning tumurunipun surat punika kagolong ing jaman sugengipun Kanjeng Nabi wonten ing Makkah ingkang wekasan, mila saged ugi ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika sikepipun para Yahudi anggènipun ngaosi dhateng dakwahipun Kanjeng Nabi nalika agami Islam kagiyaraken ingkang wiwitan wonten ing nagari Madinah. Déné tegesipun dhawuh *kaya weruhé marang anak-anaké*, kula aturi mirsani 190.

RUKU’ 3

Pasaksinipun para manembah pangéran kathah atas badanipun piyambak

21. Agenging kalepatan. 22-26. Badhé sami angemohi panembah pangéran kathah, ingkang sapunikanipun taksih sanget dipun gondhèli. 27-30. Kapénginipun dipun wangsulaken.

21 Lan sapa ta kang luwih atindak dudu tinimbang wong kang agawé doracara tumrap marang Allah utawa (kang) anggorohaké timbalan-timbalan-É; sayekti wong kang atindak dudu iku ora bakal padha begja.

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا
أَوْ كَذَّبَ بِآيَاتِهِ ۗ إِنَّهُ لَا يُفْلِحُ الظَّالِمُونَ ﴿٢١﴾

22 Lan ing dinané Ingsun angimpun dhèwèké kabèh, tumuli Ingsun bakal ngandika marang para kang padha anjèjèri sisihan (Allah): Endi para kanthinira kang padha sira kandhakaké iku?

وَيَوْمَ نَحْشُرُهُمْ جَمِيعًا ثُمَّ نَقُولُ لِلَّذِينَ
أَشْرَكُوا أَيْنَ شُرَكَاؤُكُمُ الَّذِينَ
كُنْتُمْ تَزْعُمُونَ ﴿٢٢﴾

23 Tumuli ora ana pawadané[764] kajaba anggoné padha ngucap: Dhemi Allah, Pangéran kawula, kawula punika sanès tiyang ingkang sami manembah pangéran kathah.

ثُمَّ لَمْ تَكُنْ فِتْنَتُهُمْ إِلَّا أَنْ قَالُوا وَاللَّهِ
رَبِّنَا مَا كُنَّا مُشْرِكِينَ ﴿٢٣﴾

24 Delengen, kapriyé anggoné padha anggorohi jiwané dhéwé, lan barang bawa anggité dhéwé padha sirna saka dhèwèké.

انْظُرْ كَيْفَ كَذَبُوا عَلَىٰ أَنْفُسِهِمْ ۚ وَضَلَّ
عَنْهُمْ مَا كَانُوا يَفْتَرُونَ ﴿٢٤﴾

25 Lan dhèwèké, sawenèhé ana kang angrungokaké marang sira, lan Ingsun andèkèki aling-aling ing atiné, supaya iku dhèwèké padha ora mangerti, sarta (andèkèki) tindhih-abot ana ing kuping-kupingé;

وَمِنْهُمْ مَنْ يَسْتَمِعُ إِلَيْكَ ۖ وَجَعَلْنَا عَلَىٰ
قُلُوبِهِمْ أَكِنَّةً أَنْ يَفْقَهُوهُ وَفِي آذَانِهِمْ

764. Miturut IJ, *fitnah* ing ngriki ateges *wangsulan* utawi *pawadan*. Déné sababipun wangsulan utawi pawadan winastan *fitnah*, punika margi saking punika *dora*. Miturut Bd, ateges *kufr* utawi *kakafiranipun* ingkang bénjing ing dinten kiyamat sami badhé dipun sumerepi anggènipun atanpa waton. Utawi saged tegesipun punika: *Tumuli kakafirané ora ana manèh kajaba anggoné padha ngucap ……*

lan sanajan weruha sa-dhéngah pratandha, iku iya padha ora angèstu;[765] nganti manawa dhèwèké anekani sira, mung arep amadoni sira; para kang padha kafir padha calathu: iki ora liya kajaba dongèngé para wong kuna.

وَقْرًا ۚ وَإِن يَرَوْا كُلَّ آيَةٍ لَّا يُؤْمِنُوا
بِهَا ۚ حَتَّىٰ إِذَا جَاءُوكَ يُجَادِلُونَكَ يَقُولُ
الَّذِينَ كَفَرُوا إِنْ هَٰذَا إِلَّا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ﴿٢٥﴾

26 Lan dhèwèké padha menging (ing liyan) sarta dhèwèké dhéwé angedohi iku, lan ora liya kajaba padha angrusak jiwané dhéwe lan ora padha rumasa.

وَهُمْ يَنْهَوْنَ عَنْهُ وَيَنْأَوْنَ عَنْهُ ۖ وَإِن
يُهْلِكُونَ إِلَّا أَنفُسَهُمْ وَمَا يَشْعُرُونَ ﴿٢٦﴾

27 Lan yèn ta sira weruha nalikané dhèwèké padha diendheg ing sangareping geni, tumuli padha calathu: O, mbok aku iki dibalèkaké, lan ora bakal aku anggorohaké timbalan-timbalané Pangéranku sarta aku bakal padha dadi golongané para angèstu.

وَلَوْ تَرَىٰ إِذْ وُقِفُوا عَلَى النَّارِ فَقَالُوا
يَا لَيْتَنَا نُرَدُّ وَلَا نُكَذِّبَ بِآيَاتِ رَبِّنَا
وَنَكُونَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ﴿٢٧﴾

28 O, balik dadi kawedhar tumrap dhèwèké apa kang padha kasingidaké dhèk biyèn lan yèn ta padha dibalèkna, masthi padha bakal padha ambalèni apa kang padha kalarangan, lan sayekti dhèwèké iku temen padha wong goroh.[766]

بَلْ بَدَا لَهُم مَّا كَانُوا يُخْفُونَ مِن قَبْلُ ۖ
وَلَوْ رُدُّوا لَعَادُوا لِمَا نُهُوا عَنْهُ وَإِنَّهُمْ لَكَاذِبُونَ ﴿٢٨﴾

29 Lan dhèwéke pada calathu: ora ana kajaba kauripanku ing donya iki lan ora bakal aku padha ditangèkaké.

وَقَالُوا إِنْ هِيَ إِلَّا حَيَاتُنَا الدُّنْيَا وَمَا
نَحْنُ بِمَبْعُوثِينَ ﴿٢٩﴾

765. Dhawuh punika dhawuh sambetipun anedahaken bilih aling-aling dipun pasang wonten ing manahipun, punika margi saking anggènipun boten sami purun angèstu, sanajan sadaya tandha yekti sampun dipun sumerepi sadaya. Para titiyang wau inggih sami sowan ing Kanjeng Nabi, nanging boten karana niyat badhé mirengaken utawi manah-manah punapa ingkang dipun wedharaken Kanjeng Nabi, wangsul karana badhé ambantah panjenenganipun. Déné katembungaken "aling-aling wau Allah ingkang masang," punika suraosipun sami kaliyan tembung amewahi sasakitipun, ingkang kasebut ing 2: 10. Kula aturi mirsani 24.

766. Wohipun awon pandamelipun, wonten ing gesang sapunika punika sumingid, nanging bénjing ing gesang pejah badhé kababar angégla. Lah rèhning saupami piyambakipun dipun wangsulaken, wohipun awon pandamelipun ingkang awon punika inggih badhé sumingid malih boten kasumerepan ing mripat wadhag, mila piyambakipun mesthi inggih lajeng wangsul malih dhateng pandamel awon.

30 Lan yèn ta sira weruha nalikané dhèwèké padha diendheg ing ngarsaning Pangérané. Panjenengané bakal angandika: Apa ta iki dudu yakti? Bakal padha munjuk: inggih dhemi Pangéran kawula. Panjenengané bakal angandika: Lah padha angrasakna siksa iku, déning anggonira padha angafiri.

وَلَوْ تَرٰٓى اِذْ وُقِفُوْا عَلٰى رَبِّهِمْ ؕ قَالَ اَلَيْسَ
هٰذَا بِالْحَقِّ ؕ قَالُوْا بَلٰى وَرَبِّنَا ؕ قَالَ
فَذُوْقُوا الْعَذَابَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْفُرُوْنَ ۝٣٠

RUKU' 4

Angemohi yekti

31-34. Angemohi yekti punika saèstu kapitunan. 35-39. Sami boten kraos dhateng uréaning nalar. 40, 41. Éwadéné Allah ambirat panandhangipun.

31 Temen padha wong kapitunan para kang padha anggorohaké marang sapatemoning Allah; nganti nalikané wayahé[767] wis teka kalawan ngegèt, padha acalathu: Dhuh, cilaka awakku, déning anggonku anglirwakaké marang iku![768] Lan dhèwèké bakal padha anggéndhong sasanggané ana ing gegeré; lah ala temen apa kang padha disangga iku.

قَدْ خَسِرَ الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِلِقَآءِ اللّٰهِ ؕ حَتّٰٓى
اِذَا جَآءَتْهُمُ السَّاعَةُ بَغْتَةً قَالُوْا يٰحَسْرَتَنَا
عَلٰى مَا فَرَّطْنَا فِيْهَا ۙ وَهُمْ يَحْمِلُوْنَ
اَوْزَارَهُمْ عَلٰى ظُهُوْرِهِمْ ؕ اَلَا سَآءَ مَا يَزِرُوْنَ ۝٣١

Ut. *lalahanan*

32 Lan kauripan donya iku ora liya kajaba dodolanan sarta *kabungahan kang nglalèkaké*; lan padunungan akhirat iku luwih becik tumrape para kang padha bekti; apa ta sira padha ora mangerti?

وَمَا الْحَيٰوةُ الدُّنْيَآ اِلَّا لَعِبٌ وَّلَهْوٌ ؕ وَلَلدَّارُ
الْاٰخِرَةُ خَيْرٌ لِّلَّذِيْنَ يَتَّقُوْنَ ؕ اَفَلَا تَعْقِلُوْنَ ۝٣٢

33 Temen Ingsun angudanèni, manawa apa pangucapé yekti anusahaké sira, ananging temen dhèwèké ora padha anggorohaké sira, ananging para wong kang

قَدْ نَعْلَمُ اِنَّهٗ لَيَحْزُنُكَ الَّذِيْ يَقُوْلُوْنَ
فَاِنَّهُمْ لَا يُكَذِّبُوْنَكَ وَلٰكِنَّ الظّٰلِمِيْنَ

767. *Wayah* punika ateges *leburipun*, makaten ugi ateges wanci dhumawahing *pancasan ingkang wekasan.*

768. فرط فيه tegesipun *nglirwakaken*, utawi *boten nindakaken punapa-punapa ingkang* sasambetan kaliyan prakawis punika samesthinipun (TA-LL). "iku" punika wangsul dhateng wayah.

بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ يَجْحَدُونَ ٣٣

atindak dudu iku padha maido marang timbalan-timbalaning Allah.[769]

وَلَقَدْ كُذِّبَتْ رُسُلٌ مِّن قَبْلِكَ فَصَبَرُوا۟ عَلَىٰ مَا كُذِّبُوا۟ وَأُوذُوا۟ حَتَّىٰٓ أَتَىٰهُمْ نَصْرُنَا ۚ وَلَا مُبَدِّلَ لِكَلِمَٰتِ ٱللَّهِ ۚ وَلَقَدْ جَآءَكَ مِن نَّبَإِى۟ ٱلْمُرْسَلِينَ ٣٤

34 Lan sayekti para utusan ing sadurungira temen padha digorohaké, ananging padha sabar marang anggoné padha digorohaké sarta dikuya-kuya, nganti rawuhé pitulung-Ingsun marang dhèwèké; lan ora ana kang angowahi marang sabdaning Allah;[770] lan temen-temen wus tumeka marang sira satengah saka pawarta prakara para utusan.

وَإِن كَانَ كَبُرَ عَلَيْكَ إِعْرَاضُهُمْ فَإِنِ ٱسْتَطَعْتَ أَن تَبْتَغِىَ نَفَقًا فِى ٱلْأَرْضِ أَوْ سُلَّمًا فِى ٱلسَّمَآءِ فَتَأْتِيَهُم بِـَٔايَةٍ ۚ وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ لَجَمَعَهُمْ عَلَى ٱلْهُدَىٰ ۚ فَلَا تَكُونَنَّ مِنَ ٱلْجَٰهِلِينَ ٣٥

35 Lan manawa anggoné padha anulak iku abot ingatasé sira, lah manawa sira bisa mamrih trowongan (kanggo ambles) ing bumi, utawa andha (kanggo munggah) ing langit, dadi sira bisa anekakaké tandha marang dhèwèké[771] – lan manawa Allah angarsakaké, amasthi Panjenengané angimpun dhèwèké kabèh dumunung ing pituduh; mulané aja sira padha dadi èwoné wong bodho-bodho.

769. Kanjeng Nabi punika wonten ing antawisipun para titiyang wau misuwur *Al-Amîn*, inggih punika *kang pinracaya* utawi *kang temen*. Sarta panjenenganipun punika kaloka sanget ing katemenanipun, jalaran ing salaminipun sugeng panjenenganipun dèrèng naté ngandika dora. Sasampuning panjenenganipun tampi wahyuning Pangéran, panjenenganipun winastan tukang dora-cara. Dados yektinipun ingkang sami dipun paiben punika wahyuning Pangéran, sanès katemenanipun Kanjeng Nabi piyambak.

770. Sasambetanipun dhawuh punika kaliyan dhawuh ing sadèrèngipun lan sasampunipun, nedahaken kanthi terang bilih *sabdaning Allah* ing ngriki punika ateges *piweca-piweca* ingkang anjanjèkaken pitulung ingkang badhé kaparingaken dhateng para utusan-Ipun. Para utusan ing sadèrèngipun Kanjeng Nabi sampun sami kaparingan pitulung, makaten ugi panjenenganipun, mesthi inggih badhé pinaringan pitulung, sarta punika piweca ingkang boten saged dipun éwahi déning sinten kémawon.

771. Kados déné ingkang kawarsitakaken wonten ing dhawuh sambetipun, *anekakaké tandha* punika tegesipun tandha ingkang saged murugaken sadaya tiyang angsal pitedah. Leburipun para titiyang wau sampun dados pancasan, saha sabda wau kedah dipun tetepi kanyataanipun, kados déné ingkang sampun kasebutaken wonten ing ayat ingkang sampun. Nanging panyuwunipun titiyang kathah supados sami sor-prabawa déning tandha yekti ngantos sanalika lajeng sami sumarah dhateng Kanjeng Nabi, punika boten laras kaliyan Angger-anggering Pangéran.

36 Mung para kang padha angrungokaké, kang nampa; déné para wong mati, Allah bakal nangèkaké, tumuli bakal padha dibalèkaké marang Panjenengané.[772]

إِنَّمَا يَسْتَجِيبُ الَّذِينَ يَسْمَعُونَ ۘ وَالْمَوْتَىٰ
يَبْعَثُهُمُ اللَّهُ ثُمَّ إِلَيْهِ يُرْجَعُونَ ﴿٣٦﴾

37 Lan dhèwèké padha calathu: Yagéné ora ana tandha saka Pangérané kang diturunaké marang dhèwèké? Tutura: Sayekti Allah iku Kawasa anurunake tandha, ananging dhèwèké iku sing akèh padha ora weruh.[773]

وَقَالُوا لَوْلَا نُزِّلَ عَلَيْهِ آيَةٌ مِّن رَّبِّهِ ۚ
قُلْ إِنَّ اللَّهَ قَادِرٌ عَلَىٰ أَن يُنَزِّلَ آيَةً
وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٧﴾

Ut. *kula-wangsa*

38 Lan ora liya gegremet ing bumi, lan manuk kang miber kalawan suwiwiné loro iku kajaba *umat* papadhanira; ora ana apa-apa kang Ingsun lirwakaké ing jeroné kitab, tumuli bakal padha diimpun marang Pangérané.[774]

وَمَا مِن دَابَّةٍ فِي الْأَرْضِ وَلَا طَائِرٍ
يَطِيرُ بِجَنَاحَيْهِ إِلَّا أُمَمٌ أَمْثَالُكُم ۚ
مَّا فَرَّطْنَا فِي الْكِتَابِ مِن شَيْءٍ ۚ ثُمَّ
إِلَىٰ رَبِّهِمْ يُحْشَرُونَ ﴿٣٨﴾

772. Dalasan para ingkang sami pejah ruhaninipun, inggih punika para titiyang ingkang sampun boten anggapé pèpènget lan pitutur, sarta ingkang sampun boten purun mirengaken suwantenipun Kanjeng Rasul, meksa badhé dipun gesangaken malih déning astanipun Allah ingkang kawasa. Para titiyang ingkang kapangandikakaken déning Kanjeng Nabi, punika kénging kapérang dados kakalih golongan: (1) para titiyang ingkang sami mirengaken; punika sami ambangun turut dhateng Kanjeng Nabi sarta dados tiyang angèstu; (2) para titiyang ingkang pejah ruhaninipun sarta boten anggapé dhateng pèpènget; nadyan para titiyang punika pisan, boten kénging lajeng kapuwung, jalaran Allah badhé anggesangaken titiyang wau, terangipun: piyambakipun boten dangu malih ugi badhé ngèstokaken Kanjeng Nabi. Déné anggesangaken malih ing ngriki ateges anggesangaken ruhaninipun ing kalanipun wonten ing donya punika, punika saged kapirid saking wontenipun dhawuh, bilih anggènipun sami *wangsul dhateng Allah*, ingkang ateges pejah, punika kapangandikakaken badhé kelampahan bénjing ing *sasampunipun* para titiyang wau kagesangaken malih.

773. Tandha ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika sami kaliyan ingkang sampun dipun èngetaken wonten ing ayat 35. Sarta Gusti Allah inggih sampun anurunaken tandha ingkang kasuwun wau, kados ingkang sampun kita sipati piyambak nyatanipun, mèh sagemblengipun bangsa Arab sami teluk dhateng Kanjeng Nabi ing sasampunipun bedhah nagari Makkah. Bab punika kasebutaken wonten ing 110: 2 (mirsanana 2812): "Lan sira andeleng wong malebu marang agamining Allah byuk-byukan."

774. Ing dalem babagan kabetahanipun wadhag, tumrap titah sanèsipun sadaya dipun sedhiyani déning Allah, boten béda lan ingkang tumrap manusa, sarta para titah wau sami ambangun turut dhateng angger-anggering kudrat. Awit saking punika, manusa inggih kedah ambangun turut dhateng angger-anggeripun Pangéran. Nanging kudratipun manusa punika brongta dhateng sawenèh barang ingkang langkung inggil malih, sarta inggih kanggé nyekapi brangtaning ruhani punika, maksuding kautusipun para andika nabi. Ayat punika nedahaken tataranipun manusa warni kalih, ingkang manawi boten wonten pakèwèdipun kénging katembungaken makaten: sapisan tiyang ingkang kados sato, tansah kelèt kaliyan bumi, boten saged sumengka minggah, kaping kalih tiyang ingkang saged mabur, kados déné peksi makaten, sumengka minggah sumedya anggayuh laladan ruhani ingkang inggil piyambak.

39 Wondéné para kang padha
anggorohaké marang timbalan-
timbalan Ingsun, iku padha budheg
lan bisu ana ing sajroning pepeteng
kang lilimengan; sapa sing dikar-
a. 41 sakaké déning Allah, disasaraké,[a]
lan sapa sing dikarsakaké, didamel
ngambah ing dadalan kang bener.

وَالَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا صُمٌّ وَبُكْمٌ فِي الظُّلُمَاتِ ۗ مَنْ يَشَإِ اللَّهُ يُضْلِلْهُ وَمَنْ يَشَأْ يَجْعَلْهُ عَلَىٰ صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ ﴿٣٩﴾

40 Calathua: Mara aku kandhanana, manawa siksaning Allah tumeka marang sira utawa wayahé anékani sira, apa sira bakal padha anguwuh saliyané Allah, manawa sira iku padha wong temen?

قُلْ أَرَأَيْتَكُمْ إِنْ أَتَاكُمْ عَذَابُ اللَّهِ أَوْ أَتَتْكُمُ السَّاعَةُ أَغَيْرَ اللَّهِ تَدْعُونَ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ﴿٤٠﴾

41 Balik marang Panjenengané panguwuhira, banjur Panjenengané bakal ambirat apa kang padha sira suwun (biraté), manawa Panjenengané kapareng sarta sira bakal padha lali marang apa kang padha sira dadèkaké sisihan (tumrap Panjenengané).[775]

بَلْ إِيَّاهُ تَدْعُونَ فَيَكْشِفُ مَا تَدْعُونَ إِلَيْهِ إِنْ شَاءَ وَتَنْسَوْنَ مَا تُشْرِكُونَ ﴿٤١﴾

RUKU' 5

Kadadosanipun angemohi

42-45. Umat ingkang rumiyin-rumiyin dipun punapakaken. 46, 47. Pidana anyélaki. 48-50. Pèpènget dipun sukakaken.

42 Lan yekti temen Ingsun wus angutus (para utusan) marang para umat ing sadurungira, tumuli padha Ingsun tibani sangsara lan kasusahan, supaya padha adhedhépé.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا إِلَىٰ أُمَمٍ مِنْ قَبْلِكَ فَأَخَذْنَاهُمْ بِالْبَأْسَاءِ وَالضَّرَّاءِ لَعَلَّهُمْ يَتَضَرَّعُونَ ﴿٤٢﴾

43 Lah, yagéné nalika pidana-Ningsun anekani dhèwèké ora padha adhedhepé? Lan malah

فَلَوْلَا إِذْ جَاءَهُمْ بَأْسُنَا تَضَرَّعُوا وَلَٰكِنْ

775. Wonten ing salebeting kasangsaran lan kasusahan ingkang sanget, dalasan tumrap para musyrik pisan boten wonten barang sanèsipun ingkang kénging dipun susuwani kajawi namung Pangéran piyambak. punika anedahaken bilih iman wontenipun Pangéran tuwin dhateng Kasawijènipun Pangéran, punika pancèn sampun tumanem wonten ing kudratipun manusa.

padha atos atiné sarta sétan amamaèsi tumrap dhèwèké apa kang wus padha dilakoni.

قَسَتْ قُلُوبُهُمْ وَزَيَّنَ لَهُمُ الشَّيْطٰنُ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٤٣﴾

44 Ananging bareng dhèwèké padha anglirwakaké apa kang wus dipépélingaké, Ingsun ambukakaké dhèwèké lawang-lawangé samubarang, nganti, nalikané padha abungah-bungah déning apa kang wus kaparingaké, Ingsun patrapi kalawan ngegèt; lah, mara, ing kono padha putung pangarep-arepé![776]

فَلَمَّا نَسُوا مَا ذُكِّرُوا بِهٖ فَتَحْنَا عَلَيْهِمْ أَبْوَابَ كُلِّ شَيْءٍ حَتّٰى إِذَا فَرِحُوا بِمَا أُوتُوا أَخَذْنٰهُمْ بَغْتَةً فَإِذَا هُمْ مُبْلِسُونَ ﴿٤٤﴾

45 Banjur wong kang padha atindak dudu *oyodé* dikethok; lan sakèhing pangalembana iku kagungané Allah, Pangéraning ngalam kabèh.[776A]

Ut. *lalajeré*

فَقُطِعَ دَابِرُ الْقَوْمِ الَّذِينَ ظَلَمُوا ۚ وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِينَ ﴿٤٥﴾

46 Calathua: Apa ta sira wis padha animbang-nimbang, saumpama Allah amundhut pangrungunira, lan pandelengira sarta angecap marang ati-atinira, iku sapa pangéran saliyané Allah kang bisa awèh marang sira? Delengen, kapriyé enggon-Ingsun angambal-ambali *tandha yekti*; éwadéné dhèwèké padha mléngos.[777]

Ut. *timbalan*

قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِنْ أَخَذَ اللّٰهُ سَمْعَكُمْ وَأَبْصٰرَكُمْ وَخَتَمَ عَلٰى قُلُوبِكُمْ مَنْ إِلٰهٌ غَيْرُ اللّٰهِ يَأْتِيكُمْ بِهٖ ۗ انْظُرْ كَيْفَ نُصَرِّفُ الْاٰيٰتِ ثُمَّ هُمْ يَصْدِفُونَ ﴿٤٦﴾

47 Calathua: Apa ta sira wis padha nimbang-nimbang, saupama siksaning Allah anekani sira kalawan ngegèt utawa kalawan ngeblak, sapa ta kang dirusak kajaba wong kang padha atindak dudu?

قُلْ أَرَءَيْتَكُمْ إِنْ أَتٰىكُمْ عَذَابُ اللّٰهِ بَغْتَةً أَوْ جَهْرَةً هَلْ يُهْلَكُ إِلَّا الْقَوْمُ الظّٰلِمُونَ ﴿٤٧﴾

---

776. *Ambukakaké lawang-lawangé samubarang*, tegesipun: sadaya kasenenganipun ngagesang kadamel gampil dipun pikantuk.

776A. Dipun kethok oyodipun, ateges para panuntun dipun tumpes. Miturut Rz, Dâbir punika tiyang ingkang wekasan ingkang tinanggenah rumeksa sadaya prakawis.

777. Tashrîfu-l-Âyât, miturut LL, ateges nyantuni utawi ambéda-béda ayating Quran sarana ngambal-ambali ayat-ayat wau kalayan dhawuh ingkang béda ungelipun utawi, ayating Quran wau kadamel béda suraosipun sarana ngambal-ambali tuwin nyantuni ayat-ayat wau. Déné tegesipun tembung ayat mirsanana 67.

48 Lan ora liya Ingsun angutus para utusan iku kajaba minangka juru-awèh warta bungah sarta minangka juru-pépéling; mulané, sapa sing angèstu lan alaku becik, iya ora bakal kataman wedi sarta ora bakal padha susah.

وَمَا نُرْسِلُ الْمُرْسَلِينَ إِلَّا مُبَشِّرِينَ
وَمُنذِرِينَ ۖ فَمَنْ آمَنَ وَأَصْلَحَ فَلَا
خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٤٨﴾

49 Wondéné para kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun, siksa bakal angenani dhèwèké amarga anggoné padha murang yekti.

وَالَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا يَمَسُّهُمُ الْعَذَابُ
بِمَا كَانُوا يَفْسُقُونَ ﴿٤٩﴾

50 Calathua: Aku ora kandha marang sira: aku andarbeni kasugihaning Allah; lan aku ora weruh barang kang ora katon; lan aku ora kandha marang sira, yèn aku iki sawijining malaikat; ora liya aku iki kajaba miturut apa kang kawedharaké marang aku. Calathua: Apa padha ta wong kang wuta karo wong kang andeleng? Apa ta sira ora padha mikir?[778]

قُل لَّا أَقُولُ لَكُمْ عِندِي خَزَائِنُ اللَّهِ
وَلَا أَعْلَمُ الْغَيْبَ وَلَا أَقُولُ لَكُمْ إِنِّي
مَلَكٌ ۖ إِنْ أَتَّبِعُ إِلَّا مَا يُوحَىٰ إِلَيَّ ۚ قُلْ هَلْ
يَسْتَوِي الْأَعْمَىٰ وَالْبَصِيرُ ۚ أَفَلَا تَتَفَكَّرُونَ ﴿٥٠﴾

778. Dèrèng naté wonten satunggal nabi ngandika kalayan tembung ingkang langkung cetha pratéla tuwin kalayan trapsila anorraga dhateng umatipun ngungkuli punika. Pinten-pinten abad laminipun para titiyang ingkang dipun pangandikani déning Kanjeng Nabi Muhammad saw. punika dados bangsa gugon-tuhon tuwin tukang nyembah brahala. Saupami Kanjeng Nabi angersakna, yekti panjenenganipun saged kémawon ngaken kagungan panguwaos ingkang nyebal saking kudrat, sarta umatipun yekti inggih purun kémawon, tur kalayan legawaning manahipun, nampèni utawi angèstu dhateng panjenenganipun. Nanging panjenenganipun punika sakalangkung suci saking sawarnining pamrih ingkang mikantuki sariranipun piyambak. Punapa kémawon ingkang sampun kapangandikakaken, punika medal saking panggalih ingkang sepen saking sawarnining lalamisan tuwin pamrih badhé mikantukaken sarira piyambak. Kalayan cetha pratéla panjenenganipun ngandika, kados déné ingkang kadhawuhaken dhateng panjenenganipun wonten ing ayat ngriki, bilih panjenenganipun punika boten sanès kajawi manusa wantah; panjenenganipun boten kagungan kasugihan, sarta panjenenganipun boten naté ngaken dados tiyang ingkang saged nyumerepi wawadosanipun wekdal ingkang badhé dhateng, tuwin inggih boten panjenenganipun naté ngaken bilih sariranipun punika langkung saking tiyang limrah. Sadaya kasaénan ingkang sampun katindakaken, sadaya piweca ingkang sampun kaundhangaken panjenenganipun boten karsa ngaken manawi punika asli saking panjenenganipun piyambak. Sadaya kaluhuran punika kagungan Allah, makaten piwulangipun. Déné bédanipun panjenenganipun wau kaliyan manusa sanès-sanèsipun, punika déné Allah sampun amahyakaken kaparenging karsa-Nipun dhateng panjenenganipun wau, sarta kalayan mituhu panjenenganipun andhèrèk lan nindakaken samukawis ingkang sampun katampi saking ngarsanipun Ingkang-Mahaluhur. Panjenenganipun ngarsakaken supados tiyang sanès inggih kados panjenenganipun makaten. Panjenenganipun boten nedya badhé andadosaken pandhèrèkipun dados tiyang ingkang andarbèni

RUKU’ 6

Ganjaranipun para angèstu

51-53. Para ingkang sami angsal paédah saking pèpènget. 54, 55. Rahayu sarta wilasa tumrap para angèstu.

51 Lan sira apépélinga nganggo iki marang para kang padha wedi, manawa dhèwèké bakal padha diimpun marang Pangérané – ora bakal padha duwé pangreksa saliyané Allah sarta ora (duwé) *pantara* – supaya padha bektia.

Ut. *panglantar*

وَأَنذِرْ بِهِ الَّذِينَ يَخَافُونَ أَن يُحْشَرُوا
إِلَىٰ رَبِّهِمْ لَيْسَ لَهُم مِّن دُونِهِ وَلِيٌّ وَلَا
شَفِيعٌ لَّعَلَّهُمْ يَتَّقُونَ ﴿٥١﴾

52 Lan aja sira nundhung para kang padha anguwuh Pangérané ing wajah ésuk lan soré mung mamrih karenaning Panjenengané; sira ora kepokoh sathithik-thithika marang pétungané lan marang patunganira dhèwèké iya padha ora kepokoh sathithik-thithika, mulané (manawa) padha sira tundhung, sira bakal padha dadi golongané para kang padha atindak dudu.[779]

وَلَا تَطْرُدِ الَّذِينَ يَدْعُونَ رَبَّهُم بِالْغَدَاةِ
وَالْعَشِيِّ يُرِيدُونَ وَجْهَهُ ۖ مَا عَلَيْكَ مِنْ
حِسَابِهِم مِّن شَيْءٍ وَمَا مِنْ حِسَابِكَ
عَلَيْهِم مِّن شَيْءٍ فَتَطْرُدَهُمْ فَتَكُونَ
مِنَ الظَّالِمِينَ ﴿٥٢﴾

kasugihan utawi dados tukang damel pangeram-eram utawi tukang pethèk, wangsul dadosa *tiyang* ing sageblengipun – tiyang ingkang setya dhateng badanipun piyambak tuwin setya anggènipun andhèrèk tatalesing ngagesang ingkang luhur, ingkang sampun kawahyokaken dhateng panjenenganipun. Kalayan pratéla panjenenganipun andhawuhaken punapa ingkang dados kaparenging karsanipun dhateng umatipun, sarta inggih margi dhawuhipun ingkang pratéla punika, déné ing Quran Suci panjenenganipun asring sinebut *juru-pépéling kang pratéla.*

Suprandéné nadyan samanten luhur tuwin suci murnining panggalih lan sedyanipun Kanjeng Nabi, meksa boten angsal punapa-punapa kajawi namung panyela wonten ing tanganipun para pangarang Nasrani. “Lah ing ngriki piyambakipun ngaken anggènipun boten sumerep wawadosipun Pangéran,” makaten anggènipun mastani para tukang merdèni bangsa Nasrani dhateng dhawuhing ayat ingkang adiluhung punika. Panyuraosipun ingkang nyalènèh dipun lajengaken, makaten: “Piyambakipun ngaken bilih boten kasinungan kasagedan meca.” Ing mangka sok tiyanga ingkang saged mikir tamtu saged ningali piyambak bilih ayat punika boten teka nyélaki anggèning panjenenganipun kaparingan wahyu lan piweca, wangsul malah ngakeni tur kalayan dhawuh ingkang terang. Déné ingkang dipun karsakaken ing ayat punika, makaten: “sebagai” manusa, Kanjeng Nabi Muhammad punika sami kémawon kaliyan manusa sanès-sanèsipun, kadosta panjenenganipun boten uninga dhateng barang gaib (barang ingkang boten satmata) lan sapiturutipun; nanging “sebagai” nabi, panjenenganipun pirsa tuwin andhèrèk samukawis ingkang kawahyokaken déning Allah dhateng panjenenganipun. Menggah ing sajatos-jatosipun kaagungan lan kaluhuranipun Kanjeng Nabi ingkang miyambaki, punika margi panjenenganipun wonten ing sangajenging umatipun boten naté ngaken bilih sariranipun punika langkung ing sawantahing manusa (*superhuman*). Kathah sanget piwecanipun Quran ingkang kelampahan saèstu nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi, suprandéné panjenenganipun tetep

779. *Mirsanana kaca candhakipun.*

53 Lan kaya mangkono anggon-Ingsun anyoba sawenèhé déning liyané, dimèn padha ngucap: Apa iki wong-wong panunggalané golonganku,[780] kang wus kaparingan kanugrahan déning Allah? Apa Allah iku ora luwih udani marang para kang padha weruh ing panarima?

وَكَذٰلِكَ فَتَنَّا بَعْضَهُمْ بِبَعْضٍ لِّيَقُوْلُوْٓا اَهٰٓؤُلَآءِ
مَنَّ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ مِّنْۢ بَيْنِنَا ۗ اَلَيْسَ اللّٰهُ
بِاَعْلَمَ بِالشّٰكِرِيْنَ ﴿٥٣﴾

54 Lan kalané para kang padha angèstu marang timbalan-timbalan-Ingsun teka marang sira, lah calathonana: Rahayu tumibaa ing sira, Pangéran wus anggaris wilasa tumrap marang Sarira-Né, yaiku, sira sapa sing atindak ala amarga saka ora weruhé, sawisé iku tumuli tobat sarta alaku becik, lah Panjenengané iku Aparamarta, Mahaasih.

وَاِذَا جَآءَكَ الَّذِيْنَ يُؤْمِنُوْنَ بِاٰيٰتِنَا فَقُلْ
سَلٰمٌ عَلَيْكُمْ كَتَبَ رَبُّكُمْ عَلٰى نَفْسِهِ
الرَّحْمَةَ ۙ اَنَّهٗ مَنْ عَمِلَ مِنْكُمْ سُوْٓءًۢا
بِجَهَالَةٍ ثُمَّ تَابَ مِنْۢ بَعْدِهٖ وَاَصْلَحَ
فَاَنَّهٗ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٥٤﴾

---

angandika: “Lan aku ora weruh barang kang ora katon.” Islam menang, éwadéné panjenenganipun boten naté ngandika: “Aku andarbèni kasugihaning Allah.” Saben piweca katuhonan kanyataanipun, lan saben angsal kamenangan, panjenenganipun mastani punika saking Allah Ingkang-Mahakawasa lan Mahawikan.

779. Para mufassir sami sarujuk mastani bilih tumuruning ayat punika nyarengi kaliyan wontenipun lalampahan, nalika sawenèh para jadhug-jadhugipun titiyang Quraisy sami nglahiraken purunipun nampèni (ngandel) dhateng Kanjeng Nabi, janji para Muslimin ingkang mlarat-mlarat boten dipun parengaken lastantun nyahabat dhateng panjenenganipun, kados ingkang sampun-sampun punika (Rz). Lah dhawuh punika adamel waradin, tiyang sugih lan tiyang mlarat kadamel sasami-sami; sadaya punika sami déné manusa, sadaya sami gadhah wewenang ingkang sami, wewenang nyinau lan nindakaken yekti. Malah-malah tiyang ingkang sampun sami angèstu dhateng yekti langkung rumiyin, punika langkung ageng wewenangipun dipun gatosaken déning Kanjeng Nabi. Yekti, punika barang ingkang kasudiyakaken tumrap sadaya tiyang, boten mawi kabéda-bédakaken; tumrapipun agami Islam – sanès *jagad* Islam – *aristokrasi* “ningrat-ningratan” punika boten wonten. Wonten ing ngarsanipun Gusti Ingkang-Mahaagung, béda-bédaning pangkat, kasugihan, tuwin béda-bédaning pakulitan, boten wonten tegesipun. Lah rèhning sok tiyanga, sanajan ingkang sakalangkung mlarat pisan, saged sasambetan kaliyan Gustinipun Ingkang-Mahaagung mila kawulanipun Gusti wau ingkang setya, tamtu boten saged yèn ta badhé nundhung tiyang mlarat saking ngajengipun, ingkang namung margi tiyang sugih boten sudi kekempalan kaliyan piyambakipun. Wonten ing ngarsaning Utusan Allah, boten prabéda kaliyan wonten ing ngarsaning Allah pribadi, sadaya tiyang kedah sami kémawon adegipun. Miturut tatales adiluhung ingkang kawulangaken déning Islam, *satunggal-tunggaling tiyang tanggel jawab dhateng punapa kémawon ingkang katindakaken.*

780. Dhawuh wangsulan ingkang cumeplos tuwin ingkang ambabarpisani ing nginggil, mesthi kémawon natoni sanget tumrap dhateng para titiyang Quraisy sugih ingkang gumedhé punika. Masa inggih piyambakipun teka kadamel sasami-sami kaliyan para kawula tumbasan ingkang ina, ingkang déning para titiyang wau boten naté karengkuh kadi déné sasamaning manusa. Lah makaten punika, anggènipun para titiyang wau kaparingan cobi.

55 Lan kaya mangkono Ingsun amijang-mijangaké timbalan-timbalan, lan supaya dadi cetha dadalané para kang padha dosa iku.

وَكَذٰلِكَ نُفَصِّلُ الْاٰيٰتِ وَلِتَسْتَبِيْنَ
سَبِيْلُ الْمُجْرِمِيْنَ ۝٥٥

RUKU' 7

Pancasaning Pangéran

56-58. Pancasan badhé dipun dhawuhaken. 59, 60. Ngélmuning Pangéran ingkang anglimputi.

56 Calathua: Sayekti aku iki dilarangi alaladi marang kang padha sira uwuh saliyané Allah. Calathua: Aku ora manut hawa-nafsunira, amarga yèn mangkono, temen aku iki sasar sarta ora kagolong wong kang padha olèh tuntunan.

قُلْ اِنِّيْ نُهِيْتُ اَنْ اَعْبُدَ الَّذِيْنَ تَدْعُوْنَ
مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ ؕ قُلْ لَّآ اَتَّبِعُ اَهْوَآءَكُمْ ۙ قَدْ
ضَلَلْتُ اِذًا وَّمَآ اَنَا مِنَ الْمُهْتَدِيْنَ ۝٥٦

57 Calathua: Sayekti aku iki angemban tandha yekti cetha saka Pangéranku lan iku kowé padha anggorohaké; ora ana ing aku apa kang padha kogégé; pancasané iku mung ana ing Allah piyambak; Panjenengané anyariyosaké yekti sarta Panjenengané iku becik-beciké para juru-mancasi.

قُلْ اِنِّيْ عَلٰى بَيِّنَةٍ مِّنْ رَّبِّيْ وَكَذَّبْتُمْ
بِهٖ ؕ مَا عِنْدِيْ مَا تَسْتَعْجِلُوْنَ بِهٖ ؕ اِنِ
الْحُكْمُ اِلَّا لِلّٰهِ ؕ يَقُصُّ الْحَقَّ وَهُوَ
خَيْرُ الْفٰصِلِيْنَ ۝٥٧

58 Calathua: Yèn ta apa kang padha kogégé iku anaa ing aku, amasthi prakara antarané aku lan *kowé* iku wis kapupus; lan Allah iku luwih angudanèni marang para atindak dudu.

Ar. *antara-mu*

قُلْ لَّوْ اَنَّ عِنْدِيْ مَا تَسْتَعْجِلُوْنَ بِهٖ
لَقُضِيَ الْاَمْرُ بَيْنِيْ وَبَيْنَكُمْ ؕ وَاللّٰهُ
اَعْلَمُ بِالظّٰلِمِيْنَ ۝٥٨

59 Lan ana ing Panjenengané *gedhonging*[781] barang kang ora katon iku – ora ana nyumurupi

Ut. *soroging*

وَعِنْدَهٗ مَفَاتِحُ الْغَيْبِ لَا يَعْلَمُهَآ اِلَّا

781. Tembung *mafâtih* punika *jama'-ipun* tembung *miftâh, utawi maftah*, ingkang rumiyin ateges *kunci,* ingkang kantun ateges *gedhong* utawi *simpenan bandha* (LL). Dados teges kalih-kalihipun wau kénging dipun anggé sadaya.

هُوَ ۚ وَيَعْلَمُ مَا فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ ۚ وَمَا
تَسْقُطُ مِن وَرَقَةٍ إِلَّا يَعْلَمُهَا وَلَا حَبَّةٍ
فِي ظُلُمَاتِ الْأَرْضِ وَلَا رَطْبٍ وَلَا يَابِسٍ
إِلَّا فِي كِتَابٍ مُّبِينٍ ﴿٥٩﴾

kajaba Panjenengané; lan Panjenengané iku angudanéni apa kang ana ing daratan lan sagara; lan ora ana godhong runtuh, kajaba Panjenengané (masthi) angudanéni, mangkono manèh ora ana wiji ing sajroné petenging bumi, apa déné ora ana barang sing ijo *utawa* garing, kajaba (iku kabèh wis kamot) ing sajroning kitab kang cetha.[782]

Ar. *lan ora*

وَهُوَ الَّذِي يَتَوَفَّاكُم بِاللَّيْلِ وَيَعْلَمُ مَا
جَرَحْتُم بِالنَّهَارِ ثُمَّ يَبْعَثُكُمْ فِيهِ
لِيُقْضَىٰ أَجَلٌ مُّسَمًّى ۖ ثُمَّ إِلَيْهِ مَرْجِعُكُمْ
ثُمَّ يُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٦٠﴾

60 Lan Panjenengané iku Kang mundhut jiwanira ing wengi (nalikané turu) sarta Panjenengané angudanéni apa kang padha sira pakolih ing raina; tumuli Panjenengané anangèkaké sira ana ing kono, supaya pinutus wawangen kang wus tinamtu; tumuli marang Panjenengané balinira; banjur Panjenengané amartani sira sabarang kang wus padha sira lakoni.

RUKU' 8

Pancasaning Pangéran

61-64. Ambek wilasaning Pangéran dhateng manusa. 65-67. Pancasan masthi dhatengipun. 68-70. Para tukang ngawon-awon kedah dipun tebihi.

وَهُوَ الْقَاهِرُ فَوْقَ عِبَادِهِ ۖ وَيُرْسِلُ عَلَيْكُمْ
حَفَظَةً حَتَّىٰ إِذَا جَاءَ أَحَدَكُمُ الْمَوْتُ
تَوَفَّتْهُ رُسُلُنَا وَهُمْ لَا يُفَرِّطُونَ ﴿٦١﴾

61 Lan Panjenengané iku Ingkang-Mahawisésa, sadhuwuring kawula-Né, lan Panjenengané angutus para juru-rumeksa marang sira; nganti, samangsané pati anekani salah sawijinira, para utusan-Ingsun agawé patiné, sarta ora padha ora pépéka.[783]

782. Sadaya barang punika dumados manut angger-angger ingkang kauningan déning Allah; déné kitab ingkang cetha, punika angger-angger agung: "sabab lan wohipun." Ron rentah, punika anedahaken bilih kakiyatanipun mendhet tetedhan sampun telas; lah ing ngriki ateges telasing panguwaosipun titiyang Quraisy. Wiji ingkang wonten ing pepetenging bumi, punika minangka sanépanipun kautusipun Kanjeng Nabi, awit wiji wau pinasthi badhé thukul, semi angrembakna dados wit ingkang sakalangkung subur gesangipun. "Ijem" punika ngibaratipun umat ingkang gesang, déné "garing" punika umat ingkang badhé ambruk.

783. Sajakipun ingkang dipun karsakaken punika badhé sirnanipun sadaya panglawan. Ayat

62 Tumuli padha dibalèkaken marang Allah, Gustiné, Ingkang-Mahayekti; o, diéling, kaasta ing Panjenenganè pancasan iku, lan Panjenenganè iku kang abanget gelisé ing *panimbang*.

Ut. *pangé-tang*

ثُمَّ رُدُّوٓا إِلَى اللّٰهِ مَوْلٰىهُمُ الْحَقِّ ۚ أَلَا
لَهُ الْحُكْمُ وَهُوَ أَسْرَعُ الْحٰسِبِينَ ﴿٦٢﴾

63 Calathua: Sapa ta kang angluwaraké sira saka ing babayaning[784] dharatan lan sagara, (nalikané) sira padha anguwuh ing Panjenenganè (kalawan ngeblak), kalawan adhedhépé, lan kalawan sesidheman: Manawa Panjenenganè angluwaraké aku saiki, sayekti aku iki padha dadi golonganè para kang padha weruh ing panarima.

قُلْ مَنْ يُنَجِّيكُمْ مِّنْ ظُلُمٰتِ الْبَرِّ
وَالْبَحْرِ تَدْعُونَهُ تَضَرُّعًا وَّخُفْيَةً ۚ لَئِنْ
أَنْجٰنَا مِنْ هٰذِهِ لَنَكُونَنَّ مِنَ الشّٰكِرِينَ ﴿٦٣﴾

64 Calathua: Allah kang angluwaraké sira saka ing kono lan saka ing sarupaning kasusahan, ananging tumuli sira anjèjèraké sisihan (karo Panjenenganè).

قُلِ اللّٰهُ يُنَجِّيكُمْ مِّنْهَا وَمِنْ كُلِّ كَرْبٍ
ثُمَّ أَنْتُمْ تُشْرِكُونَ ﴿٦٤﴾

65 Calathua: Panjenenganè iku kawasa yèn ta angirimna siksa marang sira saka ing sadhuwurira utawa saka sangisoré sikilira, utawa amrih bingungira (sira digawé) panthan-panthan sarta sawenèhira digawé angrasakaké panyikaranè sawenèh liyané. Delengen, kapriyé anggon-Ingsun angambal-ambali timbalan-timbalan, supaya dhèwèké padha mangerti.[785]

قُلْ هُوَ الْقَادِرُ عَلٰٓى أَنْ يَّبْعَثَ عَلَيْكُمْ
عَذَابًا مِّنْ فَوْقِكُمْ أَوْ مِنْ تَحْتِ أَرْجُلِكُمْ
أَوْ يَلْبِسَكُمْ شِيَعًا وَّيُذِيقَ بَعْضَكُمْ بَأْسَ
بَعْضٍ ۗ أُنْظُرْ كَيْفَ نُصَرِّفُ الْاٰيٰتِ
لَعَلَّهُمْ يَفْقَهُونَ ﴿٦٥﴾

candhakipun anyethakaken punika. *Hafadzah* punika malaikat juru-rumeksa; kula aturi mirsani 1269.

784. *Dzulumât* (*jama'*-ipun *dzulmah*, ingkang tegesipun *pepeteng*) ing ngriki ateges *babaya* (Bd, AH, Rz). miturut LL, awawaton M, tembung wau ateges *kasusahan*, *kacilakan*, *kasangsaran* utawi *rekaos* (tumrap wonten ing saganten). Sarta ugi ateges *dinten apes* (Q, TA-LL). Utawi *dinten nalikanipun satunggaling tiyang manggih rekaos* utawi *pakèwed* (M-LL).

785. Siksa warni tiga punika kénging katerangaken makaten: *Siksa ing sadhuwurira*, punika kadosta prahara ingkang naté kelampahan nalika *Perang Ahzab* ingkang misuwur punika: inggih punika ing nalika wadyabala cacah sadasa èwu jiwa, ingkang pancènipun saged kémawon tur kalayan gampil numpes wadyabala Muslimin ingkang sami singidan wonten jagang, tur ingkang langkung sakedhik cacah jiwanipun, sami lumajeng sasaran margi katempuh ing prahara ageng. *Siksa saka*

66 Lan iku golonganira (padha) anggorohaké, mangka iku yekti temenan. Calathua: Aku iki ora kepokoh rumeksa marang sira.[786]

وَكَذَّبَ بِهِۦ قَوْمُكَ وَهُوَ ٱلْحَقُّ ۚ قُل
لَّسْتُ عَلَيْكُم بِوَكِيلٍ ٦٦

67 Sawarnaning weca iku ana semayaning mangsané lan (iku) sira bakal padha weruh.[787]

لِّكُلِّ نَبَإٍ مُّسْتَقَرٌّ ۚ وَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ٦٧

68 Lan samangsané sira andeleng para kang padha anggunem ala ing timbalan-timbalan-Ingsun, iku sira angedohana, nganti dhèwèké padha anggunem rembug liyané;[a] *déné* manawa sira dilalèkaké déning sétan, lah sawisé éling aja sira lulungguhan karo wong kang padha atindak dudu.

a. 637 Ar. *lan*

وَإِذَا رَأَيْتَ ٱلَّذِينَ يَخُوضُونَ فِىٓ ءَايَٰتِنَا
فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ حَتَّىٰ يَخُوضُوا۟ فِى حَدِيثٍ
غَيْرِهِۦ ۚ وَإِمَّا يُنسِيَنَّكَ ٱلشَّيْطَٰنُ فَلَا تَقْعُدْ
بَعْدَ ٱلذِّكْرَىٰ مَعَ ٱلْقَوْمِ ٱلظَّٰلِمِينَ ٦٨

69 Lan *wohing* (panggawéané) iku ora pisan bakal angenani para kang padha bekti, ananging (wajibé) mung pépéling, manawa-manawané bakal padha bekti.

Ut. *pétu-nganing*

وَمَا عَلَى ٱلَّذِينَ يَتَّقُونَ مِنْ حِسَابِهِم مِّن
شَىْءٍ وَلَٰكِن ذِكْرَىٰ لَعَلَّهُمْ يَتَّقُونَ ٦٩

sangisoré sikilira, punika kadosta mangsa bentèr ingkang sakalangkung sanget, ingkang mahanani kasangsaran ageng dhateng titiyang Makkah ngantos pitung taun laminipun punika. Kasebutaken ing dalem hadits masa bentèr wau kados déné *taun benter ingkang kelampahan nalika jamanipun Kanjeng Nabi Yusuf.* Déné *amrih bingungira*, makaten ugi *sawenèhira* digawé *angrasakaké panyikarané sawenèh liyané*, terang manawi ateges peperangan ingkang lajeng anjalari panguwaosipun titiyang Quraisy remuk bubuk atanpa tilas. Sawenèh nyuraos siksa ingkang kasebut kapisan lan kaping kalih wau, *siksa* wonten ing tanganipun para panuntun tuwin siksa wonten ing tanganipun para kawula (I'Ab-Rz). Utawi, saged dipun suraos siksa ingkang damel karisakan wonten ing antawisipun para titiyang sugih tuwin siksa ingkang damel karisakan wonten ing antawisipun para titiyang mlarat.

786. Ukara ingkang wekasan punika ugi kénging dipun jarwani *Aku iki dudu tukang namtokaké prakaramu.* Kalih-kalihipun sami mengku suraos bilih siksa ingkang dipun janjèkaken punika boten kok wonten ing astanipun Kanjeng Nabi, wangsul Gusti Allah ingkang maringi wawales dhateng manusa punika.

787. Teges ingkang dipun anggé wonten ing ngriki punika manut anggènipun negesi LL nalika nerangaken tegesipun tembung *mustaqarr*, ingkang ateges: *panggènan* utawi *wekdal*, *ingkang manawi sampun kliwat punika satunggaling barang sampun boten saged terus.* Dados: *wawangen* utawi *wekdal semadosipun. Naba'a* ateges *pawartos*, dados inggih: *weca ingkang martosaken babagan ingkang badhé dhateng.* Miturut Rgh ateges *pawartos ingkang wonten pigunanipun ingkang ageng.*

Weca badhé kawonipun para mengsahing Islam ingkang kiyat, punika dipun undhangaken langkung keras malih katimbang nalika wekdal kautusipun Kanjeng Nabi jaman wiwitan, sanajan ing wekdal punika katingalipun para mengsah sajak angsal kamenangan, inggih punika saged angsal damel mecah-mecah para titiyang sawatawis ingkang sampun ngrasuk agami Islam.

70 Lan togna baé para kang padha anganggep dodolanan lan lalahanan marang agamané, lan kang padha kacinthung déning kauripan donya, lan sira angélingna (dhèwèké) kalawan iku, supaya aja ana jiwa sawiji kang kasrah marang karusakan déning pakolehé panggawéné dhéwé; kajabané Allah, dhèwèké ora ana panjagané, *mangkono uga pantarané,* lan manawa dhèwèké angaturna sadhéngah tebusan, iku ora bakal tinompa; iki para kang bakal padha kasrah marang karusakan déning pakolehé panggawéné dhéwé; dhèwèké bakal padha olèh ombèn-ombèn arupa banyu umob sarta (olèh) siksa kang anglarani, amarga saka anggoné padha angafiri.

Ar. *lan ... ya ora*
Ut. *panglantar*

وَذَرِ الَّذِينَ اتَّخَذُوا دِينَهُمْ لَعِبًا وَلَهْوًا
وَغَرَّتْهُمُ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا وَذَكِّرْ بِهِ
أَنْ تُبْسَلَ نَفْسٌ بِمَا كَسَبَتْ لَيْسَ لَهَا
مِنْ دُونِ اللّٰهِ وَلِيٌّ وَلَا شَفِيعٌ وَإِنْ
تَعْدِلْ كُلَّ عَدْلٍ لَا يُؤْخَذْ مِنْهَا أُولٰٓئِكَ
الَّذِينَ أُبْسِلُوا بِمَا كَسَبُوا لَهُمْ شَرَابٌ
مِنْ حَمِيمٍ وَعَذَابٌ أَلِيمٌ بِمَا
كَانُوا يَكْفُرُونَ ٧٠

RUKU' 9

Perlunipun kedah sumarah dhateng Gusti Allah sarta bab uluraning nalaripun Kanjeng Nabi Ibrahim

71-74. Sumarah dhateng Gusti Allah punika amahanani rahayu. 75-83. Bukti-buktinipun Kanjeng Nabi Ibrahim tumrap Kasawijènipun Pangéran.

71 Calathua : Apa ta aku kumudu anguwuh liyané Allah, barang kang ora makolehi marang aku lan ora mitunani marang aku, lan (apa ta aku kumudu) dibalik marang tungkakku ing sawisé Allah anuntun aku, kaya déné wong kang kobeng ing bumi amarga *ditibakaké* déning para sétan?[788] Dhèwèké duwé mitra, kang padha angajak-

Ut. *disasaraké*

قُلْ أَنَدْعُوا مِنْ دُونِ اللّٰهِ مَا لَا يَنْفَعُنَا
وَلَا يَضُرُّنَا وَنُرَدُّ عَلٰٓى أَعْقَابِنَا بَعْدَ إِذْ
هَدٰىنَا اللّٰهُ كَالَّذِي اسْتَهْوَتْهُ الشَّيٰطِينُ
فِي الْأَرْضِ حَيْرَانَ لَهٗ أَصْحٰبٌ يَدْعُونَهٗ

788. *Istahwat-hu* punika asal saking tembung *hawâ*, langkung ateges *dhawah saking nginggil dhateng panggènan ingkang andhap*, dados tembung wau ateges *anibakaké dhèwèké* (Rz). Manawi tiyang mukmin wangsul dhateng panembah brahala, punika saminipun kados déné tiyang ingkang sampun saged sumengka manginggil dhawah dhateng juranging sasar lan gugon-tuhon. Ngulami sanès malih gadhah pamanggih tembung wau asal saking lingga kasebut nginggil, nanging ingkang béda tegesipun, inggih punika ingkang mengku teges *remen* utawi *kepéngin*, dados lajeng ateges *gawé brongta marang dhèwèké.*

ajak dhèwèké marang dadalan bener, (pangucapé): Tekaa marang aku kéné. Calathua: Sayekti, tuntunaning Allah iku tuntunan (kang bener), lan aku padha didhawuhi supaya padha sumarah marang Pangéraning kabèh ngalam:

إِلَى الْهُدَى ائْتِنَا ۗ قُلْ إِنَّ هُدَى اللَّهِ
هُوَ الْهُدَىٰ ۖ وَأُمِرْنَا لِنُسْلِمَ لِرَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿٧١﴾

72 Lan supaya kowé padha anjumenengaké salat sarta bekti marang Panjenengané; lan Panjenengané iku kang – marang Panjenengané anggonira bakal padha diimpun.

وَأَنْ أَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَاتَّقُوهُ ۚ وَهُوَ
الَّذِي إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ﴿٧٢﴾

73 Lan Panjenengané iku kang anitahaké langit-langit lan bumi kalawan yekti; lan ing dina Panjenengané ngandika: Anaa, banjur ana.

وَهُوَ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ
بِالْحَقِّ ۖ وَيَوْمَ يَقُولُ كُن فَيَكُونُ ﴿٧٣﴾

74 Pangandika-Né iku yekti, lan kagungan-É karaton iku ing dinané *cengkorongan padha tiniyup*;[789] Ingkang-Anguningani sing ora katon lan sing katon; lan Panjenengané iku Ingkang-Wicaksana, Ingkang-Waspada.

Ut. *slomprèt tiniyup*

قَوْلُهُ الْحَقُّ ۚ وَلَهُ الْمُلْكُ يَوْمَ يُنفَخُ فِي الصُّورِ ۚ
عَالِمُ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ ۚ وَهُوَ الْحَكِيمُ الْخَبِيرُ ﴿٧٤﴾

75 Lan nalikané Ibrahim calathu marang tutuwané, Azar:[790] Punapa

وَإِذْ قَالَ إِبْرَاهِيمُ لِأَبِيهِ آزَرَ أَتَتَّخِذُ

789. Katerangaken déning sawenèh ngulami tembung *shur* punika *jama'*-ipun tembung *shurah*, ingkang tegesipun *cengkorongan* (*gatra*) utawi *bleger* (S, M, Q-LL); nanging boten kètang langka kanggènipun, waosanipun sanès tembung wau ingkang mungel *shuwar* (ingkang sampun kénging katamtokaken manawi *jama'*-ipun tembung *shurah*), punika ngiyataken teges wau. Suraosipun: *cengkorongan* (*gatra*) utawi *bleger punika badhé dados kawontenan saèstu manawi katiyup*, utawi kados anggènipun nyuraos LL awawaton S, L, tuwin TA, *nalika jiwa punika badhé dipun tiyupaken dhateng cengkoronganipun tiyang pejah*. Nanging ingkang kula pilih teges ingkang kasebut rumiyin wau, awit punika ingkang langkung cetha, jalaran dinten kiyamat punika dintening kababaripun kanyataan ingkang sumingid wonten ing sadaya barang. Tegesipun sanès *shur* punika *slomprèt*, sarta slomprèt katiyup punika ugi ateges dinten kiyamat; déné ngibarat punika kapirid saking slomprèt ingkang katiyup kanggé nglempakakaken tiyang kathah.

790. Punapa Azar punika ramanipun Kanjeng Nabi Ibrahim, punapa éyangipun, punapa pamanipun, punika prakawis ingkang dados rembag ramé. Tembung *ab* punika ateges *bapa* utawi *luluhur* (M, LL). Ing 2: 133 tembung wau ugi kanggé ambasakaken *paman*, jalaran ing ngriku kapangandikakaken bilih Kanjeng Nabi Isma'il punika *ab*-ipun Kanjeng Nabi Ya'qub. Ingkang

sampéyan angalap brahala minangka sesembahan? Saèstu kula anyurupi sampéyan dalah golongan sampéyan punika sami dumunung ing sasar ingkang tétéla.

أَصْنَامًا آلِهَةً ۖ إِنِّي أَرَاكَ وَقَوْمَكَ فِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ ﴿٧٥﴾

76 Lan kaya mangkono Ingsun anuduhi Ibrahim karatoning langit-langit lan bumi lan supaya dhèwèké dadi golongané wong kang padha yakin.[791]

وَكَذَٰلِكَ نُرِي إِبْرَاهِيمَ مَلَكُوتَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَلِيَكُونَ مِنَ الْمُوقِنِينَ ﴿٧٦﴾

77 Mulané, bareng wengi anglimputi dhèwèké, dhèwèké andeleng lintang sawiji. Acalathu: Apa iki Pangéranku?[792] Ananging bareng surup, acalathu: Aku ora tresna marang barang sing nganggo surup.

فَلَمَّا جَنَّ عَلَيْهِ اللَّيْلُ رَأَىٰ كَوْكَبًا ۖ قَالَ هَٰذَا رَبِّي ۖ فَلَمَّا أَفَلَ قَالَ لَا أُحِبُّ الْآفِلِينَ ﴿٧٧﴾

---

makèwedi wonten warni kalih. Sapisan Zj ngandikakaken bilih *nassâb* (para ahli salasilah) sampun sami sarujuk bilih asmanipun rama Kanjeng Nabi Ibrahim punika *Tarah*, sami kaliyan *Terah*, inggih punika asmanipun ingkang rama Kanjeng Nabi Ibrahim ingkang kasebut ing Purwaning Dumados. Zurqani ugi mastani *Tarah* punika asmanipun ingkang rama Kanjeng Nabi Ibrahim. Nanging pakèwed punika saged kasingkiraken kalayan gampil déning wontenipun ing Talmud (kitab angger-anggeripun titiyang Yahudi) asma punika ugi kasebut Terah makaten ugi Éusebius nyebutaken Athar (*Azar* ing basa Arab punika cocog sanget kaliyan Athar wau), jer kathah kémawon tuladhanipun, nama ingkang kasantun dhateng basa sanès punika lajeng béda sanget ungelipun. Pakèwedipun ingkang kaping kalih, kapangandikakaken wonten ing 14: 41 ingkang rama (AR. *wâlid*) Kanjeng Nabi Ibrahim punika tiyang angèstu, mangka ing panggènan sanès sesepuh (AR. *ab*) punika kapangandikakaken manawi puguh nembah brahala ngantos dumugi sédanipun. Bab punika saged suka papadhang kathah punapa ingkang dipun karsakaken déning Quran *ab*-ipun Kanjeng Nabi Ibrahim punika, milanipun ingkang kula pilih kanggé negesi tembung wau *tutuwa*. Sawenèh mufassir mastani *Azar* punika namanipun brahala, sanèsipun malih malah sami gadhah pamanggih bilih tembung wau babar pisan sanès tembung aran (nama), sarta ateges *mukhthî* jawinipun *sasar* (Rz).

791. Maringi pirsa dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim karatoning langit-langit lan bumi, punika ateges maringi dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim wau seserepan ing babagan angger-anggeripun kodrat Pangéran ingkang tumindak wonten ing karatoning langit-langit lan bumi; inggih punika seserepan ingkang mahanani panjenenganipun yakin saèstu bilih Allah punika pranyata jatos-jatosipun ingkang mangrèh Jagad sawegung tuwin Mahaagung ngungkuli samudayanipun, déné surya, rembulan, lintang-lintang tuwin barang-barang sanèsipun ing langit ingkang sami dipun sembah déning para titiyang Sabi'in, punika yektinipun namung titah-Ipun kémawon, sarta sadaya punika sami teluk dhateng angger-angger-Ipun.

792. Tembung *hâdhâ rabbi*, ingkang tegesipun ingkang asli: *iki Pangéranku*, punika boten kok mratélakaken kayakinanipun Kanjeng Nabi Ibrahim, awit kayakinanipun Kanjeng Nabi Ibrahim, punika kosokwangsul sanget kaliyan punika, jalaran kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing ayat ingkang sampun, panjenenganipun punika angèstu dhateng Kasawijènipun Pangéran. Tetembungan makaten wau namung dipun agem nglahiraken raosing panggalih gumun, déné ingkang dipun karsakaken: pangandelipun umatipun, ingkang nalika ing wekdal wau dipun serap-serapaken anggènipun sami kesasar, inggih punika sarana dipun terang-terangaken, bilih barang ingkang dipun anggep sesembahan, punika jebul taksih saged ical, milanipun inggih boten pantes sinembah. Umatipun

78 Mulané, bareng andeleng rembulan andadari, acalathu: Apa iki Pangéranku? Ananging bareng surup, acalathu: Yèn ta Pangéranku ora nuntun aku, sayekti aku iki dadi golongané wong kang padha sasar.

فَلَمَّا رَاَ الْقَمَرَ بَازِغًا قَالَ هٰذَا رَبِّيْ ۚ
فَلَمَّآ اَفَلَ قَالَ لَىِٕنْ لَّمْ يَهْدِنِيْ رَبِّيْ
لَاَكُوْنَنَّ مِنَ الْقَوْمِ الضَّاۤلِّيْنَ ٧٧

79 Mulané, bareng andeleng srengéngé mlethèk, acalathu: Apa iki Pangéranku? Ananging, bareng surup, acalathu: É, kaumku, sayekti aku iki lebaran saka kang koanggep sisihané (Allah):

فَلَمَّا رَاَ الشَّمْسَ بَازِغَةً قَالَ هٰذَا رَبِّيْ
هٰذَآ اَكْبَرُ ۚ فَلَمَّآ اَفَلَتْ قَالَ يٰقَوْمِ
اِنِّيْ بَرِيْۤءٌ مِّمَّا تُشْرِكُوْنَ ٧٨

80 Sayekti aku iki angadhepaké adhepku marang kang andadèkaké langit-langit lan bumi, kalawan legawa, lan ora pisan aku iki golongané para kang manembah Pangéran akèh.

اِنِّيْ وَجَّهْتُ وَجْهِيَ لِلَّذِيْ فَطَرَ السَّمٰوٰتِ
وَالْاَرْضَ حَنِيْفًا وَّمَآ اَنَا مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ۚ ٧٩

81 Kaumé padha amadoni dhèwèké. Dhèwèké acalathu: Apa ta kowé padha amadoni aku ing bab Allah? Lan temen Panjenengané wus anuntun aku, sarta ora pisan aku wedi marang apa kang koanggep sisihané Panjenengané, kajaba manawa ana kaparengé Pangéranku; Pangéranku Ngélmu-Né amaratani samubarang; lah apa ta kowé ora padha ngangen-angen?

وَحَاۤجَّهٗ قَوْمُهٗ ۗ قَالَ اَتُحَاۤجُّوْۤنِّيْ فِى اللّٰهِ
وَقَدْ هَدٰىنِ ۗ وَلَآ اَخَافُ مَا تُشْرِكُوْنَ
بِهٖٓ اِلَّآ اَنْ يَّشَاۤءَ رَبِّيْ شَيْـًٔا ۗ وَسِعَ رَبِّيْ
كُلَّ شَيْءٍ عِلْمًا ۗ اَفَلَا تَتَذَكَّرُوْنَ ٨٠

82 Kapriyé oléhku wedi marang apa kang koanggep sisihané (Panjenengané), ing mangka kowé padha ora wedi anjèjèraké sisihan ing Allah barang kang Panjenenengané ora anurunaké wewenang

وَكَيْفَ اَخَافُ مَآ اَشْرَكْتُمْ وَلَا تَخَافُوْنَ
اَنَّكُمْ اَشْرَكْتُمْ بِاللّٰهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهٖ

Kanjeng Nabi Ibrahim wau boten namung tukang nembah brahala kémawon, nanging ugi tukang nembah barang-barang ing langit. Utawi saged ugi tetembungan wau ukara pitakèn, nanging boten kaserat aksaranipun tandha pitakèn, inggih punika aksara *alif*; déné ukara pitakèn punika mengku kajeng nglepataken utawi boten nayogyani (Rz). Ingkang kula pilih katerangan ingkang angka kalih punika.

عَلَيْكُمْ سُلْطَانًا ۚ فَأَيُّ الْفَرِيقَيْنِ أَحَقُّ
بِالْأَمْنِ ۖ إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٨٢﴾

iku marang kowé; lah papanthan loro iku sing endi sing luwih andarbèni wenang ing karaharjan, manawa kowé padha weruh.

الَّذِينَ آمَنُوا وَلَمْ يَلْبِسُوا إِيمَانَهُمْ بِظُلْمٍ
أُولَٰئِكَ لَهُمُ الْأَمْنُ وَهُمْ مُهْتَدُونَ ﴿٨٣﴾

83 Para kang padha angèstu sarta padha ora nyampuri anggoné angèstu iku kalawan tindak dudu, iku bakal padha olèh karaharjan tuwin dhèwèké iku wong kang padha olèh pituduh.

RUKU' 10

Para nabi ingkang napak-tilasing padanipun Kanjeng Nabi Ibrahim

84-90. Para nabi sanèsipun. 91. Kanjeng Nabi kadhawuhan napak-tilasing padanipun para nabi rumiyin-rumiyin.

وَتِلْكَ حُجَّتُنَا آتَيْنَاهَا إِبْرَاهِيمَ عَلَىٰ قَوْمِهِ ۚ
نَرْفَعُ دَرَجَاتٍ مَنْ نَشَاءُ ۗ إِنَّ رَبَّكَ
حَكِيمٌ عَلِيمٌ ﴿٨٤﴾

84 Lan iki bukti-Ningsun kang Ingsun paringaké marang Ibrahim (kanggo) nglindhihaké kaumé; Ingsun angunggahaké drajad marang sapa kapareng-Ingsun; sayekti Pangéranira iku Wicaksana, Udani.

وَوَهَبْنَا لَهُ إِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ ۚ كُلًّا هَدَيْنَا ۚ
وَنُوحًا هَدَيْنَا مِنْ قَبْلُ ۖ وَمِنْ ذُرِّيَّتِهِ
دَاوُودَ وَسُلَيْمَانَ وَأَيُّوبَ وَيُوسُفَ وَمُوسَىٰ
وَهَارُونَ ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ﴿٨٥﴾

85 Lan Ingsun aparing marang dhèwèké Ishaq lan Ya'qub; siji-sijiné padha Ingsun paringi pituduh, sarta Nuh Ingsun paringi pituduh ing sadurungé, apa déné sawenèhing tedhaké,[793] Dawud lan Sulaiman lan 'Ayyub lan Yusuf sarta Musa tuwin Harun; lan kaya mangkono Ingsun angganjar para kang agawé becik ing liyan.

793. Sadaya nabi ingkang kasebutaken asmanipun punika sami dharah Ibrahim. Lah Kanjeng Nabi Ibrahim punika tedhakipun Kanjeng Nabi Nuh, awit saking punika "tedhaké" punika saged ateges tedhakipun Kanjeng Nabi Ibrahim utawi tedhakipun Kanjeng Nabi Nuh. Namung manawi kasuraos tedhakipun Kanjeng Nabi Ibrahim, punika lajeng wonten pakèwedipun, margi ing ngriku ugi nyebutaken Kanjeng Nabi Luth, ing mangka Kanjeng Nabi Luth punika namung kaleres kapenakanipun Kanjeng Nabi Ibrahim, sanès tedhakipun ingkang saèstu. Nanging kados déné ingkang kasebut wonten ing 2: 133, "paman" punika ugi winastan "bapa," dados manawi makaten kapenakan punika inggih kénging kagolongaken tedhakipun.

Ing ngriki wonten nabi wolulas ingkang kasebutaken asmanipun. Déné anggènipun nyebutaken boten urut manut jamanipun, punika boten dados punapa, jalaran Quran punika pancèn sanès serat babad, sarta Quran piyambak inggih boten ngaken urut-urutan manut jamanipun anggènipun

86 Lan Zakariya sarta Yahya tuwin ‘Isa lan Ilyas; siji-sijiné pada èwoné para wong tulus:

وَزَكَرِيَّا وَيَحْيَىٰ وَعِيسَىٰ وَإِلْيَاسَ ۖ كُلٌّ
مِّنَ الصَّالِحِينَ ﴿٨٦﴾

87 Lan ‘Ismail sarta Ilyasa’ tuwin Yunus sarta Luth; lan siji-sijiné padha Ingsun luwihaké utama angungkuli (ing) ngalam kabèh;

وَإِسْمَاعِيلَ وَالْيَسَعَ وَيُونُسَ وَلُوطًا ۚ وَ
كُلًّا فَضَّلْنَا عَلَى الْعَالَمِينَ ﴿٨٧﴾

88 Lan sapa antaraning para bapak-bapaké sarta para tedhak turuné tuwin sadulur-saduluré, lan Ingsun wus milih dhèwèké sarta anuntun dhèwèké marang dalan kang bener.

وَمِنْ آبَائِهِمْ وَذُرِّيَّاتِهِمْ وَإِخْوَانِهِمْ ۖ
وَاجْتَبَيْنَاهُمْ وَهَدَيْنَاهُمْ إِلَىٰ صِرَاطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٨٨﴾

89 Iki tuntunaning Allah, di-agem nuntun kawula-Né sapa kang dadi kapareng-É, lan manawa dhèwéké anjèjèraké sisihan (ing Panjenengané), sayekti tumrap dhèwèké bakal tanpa guna apa kang wus padha dilakoni.[794]

ذَٰلِكَ هُدَى اللَّهِ يَهْدِي بِهِ مَن يَشَاءُ
مِنْ عِبَادِهِ ۚ وَلَوْ أَشْرَكُوا لَحَبِطَ عَنْهُم
مَّا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٨٩﴾

Ut. *kawi-caksanan*

90 Iki para kang wus padha Ing-sun paringi Kitab lan *pancasan* tuwin weca;[795] mulané manawa iki padha angafiri marang iku lah temen iku wus Ingsun pasrahaké kaum kang dudu wong kafir marang iku.

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ آتَيْنَاهُمُ الْكِتَابَ وَالْحُكْمَ
وَالنُّبُوَّةَ ۚ فَإِن يَكْفُرْ بِهَا هَٰؤُلَاءِ فَقَدْ
وَكَّلْنَا بِهَا قَوْمًا لَّيْسُوا بِهَا بِكَافِرِينَ ﴿٩٠﴾

91 Iki para kang padha katuntun déning Allah, mulané sira nuruta

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ هَدَى اللَّهُ ۖ فَبِهُدَاهُمُ

nyebutaken para nabi wau. Kula aturi mirsani surat candhakipun, ing ngriku lalampahanipun nabi ageng pinten-pinten kasebutaken kalayan trep urut-urutanipun manut jamanipun. Déné ing ngriki anggènipun nyebutaken para nabi kadamel golong-golongan, punika amargi sugengipun para nabi wau pancèn wonten sisipatanipun piyambak-piyambak ingkang tartamtu, sarta inggih awit saking punika déné ing wekasaning dhawuh wonten ing satunggal-tunggalipun ayat titiga ingkang mangandikakaken golongan tiga wau, béda-béda.

794. Saupami para andika nabi wau sami nindakaken kamusyrikan (mangéran kathah) yekti pandamelipun boten badhé wonten wohipun, dados kautusipun inggih boten badhé saged angsal damel. Punika nedahaken bilih boten wonten nabi satunggal kémawon ingkang musyrik nalika sugengipun.

795. Saben nabi kaparingan *kitab* supados dipun anggé nuntun para manusa kalayan sinung kakiyatan saged mancasi, supados nabi wau saged mancasi pasulayan lalandhesan wawatonipun piyambak, tuwin *kaparingan weca*.

اقْتَدِهْ ۗ قُلْ لَّآ اَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ اَجْرًا ۗ اِنْ هُوَ اِلَّا ذِكْرٰى لِلْعٰلَمِيْنَ ﴿٩٠﴾

tuntunané. Calathua: Aku ora anjaluk pituas marang sira ingatasé prakara iki; iki ora liya kajaba pépéling tumrap wong ngalam kabéh.[796]

RUKU' 11

Kasunyatanipun wedharing sabdaning Pangéran

92. Para ingkang anggorohaken wedharing sabda dhateng Kanjeng Nabi. 93 Wedharing sabda ing Qur'an punika kanggé salami-laminipun. 94,95 Pandumipun para ingkang milawani.

وَمَا قَدَرُوا اللّٰهَ حَقَّ قَدْرِهٖٓ اِذْ قَالُوْا مَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ عَلٰى بَشَرٍ مِّنْ شَيْءٍ ۗ قُلْ مَنْ اَنْزَلَ الْكِتٰبَ الَّذِيْ جَآءَ بِهٖ مُوْسٰى نُوْرًا وَّهُدًى لِّلنَّاسِ تَجْعَلُوْنَهٗ قَرَاطِيْسَ تُبْدُوْنَهَا وَتُخْفُوْنَ كَثِيْرًا ۚ وَعُلِّمْتُمْ مَّا لَمْ تَعْلَمُوْٓا اَنْتُمْ وَلَآ اٰبَآؤُكُمْ ۗ قُلِ اللّٰهُ ۙ

92 Lan dhèwèké padha ora angregani Allah kalawan rega-Né sanyatané[797] nalikané padha angucap ora pisan Allah andhawuhaké apa-apa marang manusa. Calathua: Sapa kang andhawuhaké Kitab kang kaampil Musa, sawijining papadhang lan tuntunan tumrap para manusa, kang padha sira dadèkaké *tulis kang abosah-basih*,[798] (kang sabagéan) sira katonaké lan kang akèh padha sira umpetaké? lan sira padha *diweruhaké* barang kang sira padha ora weruh, sira *apa dené* bapak-bapakira. Sira tutura: Allah;

Ar. *daluwang*

Ut. *diwulang*

Ar. *lan ... ia ora*

796. Kanjeng Nabi kadhawuhan manut tuntunanipun sadaya para nabi ingkang sampun-sampun; dados kautusipun punika dhateng sadaya umat ingkang rumiyinipun sampun naté karawuhan para nabi wau piyambak-piyambak. Dados ing wekasaning dhawuh nyebutaken Quran Suci sinebut pépéling, punika nedahaken bilih Quran punika kakarsakaken tumrap sadaya umat. Pancèn tumrapipun umat-umat wau, Quran punika pranyata dados pépéling ing babagan samukawis ingkang sampun naté katampi rumiyin.

797. Tembung *qadr* punika warni-warni tegesipun. I'Ab nerangaken dhawuh ingkang mungel وما قدروا الله حق قدره punika ateges *ora padha ngajèni ing Allah kalayan pangaji-aji kang mungguh tumrap Panjenengané*. Abu-l-'Aliya negesi: *ora padha nyifati ing Allah kalayan sifat-sifat kang mungguh tumrap Panjenengané*. Akhfasy negesi: *ora padha ngawruhi ing Allah kaya déné kuduné ngawruhi marang Panjenengané* (Rz). Boten ngakeni kuwaosipun Gusti Allah nurunaken wahyu, punika nama boten ngakeni sifatipun Allah ingkang wigatos piyambak. Sajakipun ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika para Yahudi, inggih punika ingkang sami angèstu dhateng wahyu ingkang katurunaken dhateng Kanjeng Nabi Musa, nanging boten purun angèstu dhateng wahyu ingkang katurunaken dhateng Kanjeng Nabi Muhammad.

798. *Qarâthis* punika *jama'*-ipun *qirth*as, tegesipun *dlancang*. Déné ingkang dipun karsakaken inggih punika kitab wau dipun serati ing dalancang ingkang pisah-pisah, sapérangan dipun katingalaken, sapérangan sanèsipun malih dipun umpetaken. Kitab wau boten *kareksa suci amurni*, milanipun lajeng dipun tembungaken *seratan ingkang abosah-basih*.

banjur padha sira togna baé anggoné padha mainan ing dalem omongé lalahanan.

ثُمَّ ذَرْهُمْ فِيْ خَوْضِهِمْ يَلْعَبُوْنَ ﴿٩٢﴾

93 Lan iki Kitab kang Ingsun turunaké, kang binarkahan, dumunung ambeneraké kang ana ing
a. 70 sangarepé[a] lan supaya sira apépélinga (marang) ibuning praja lan sapa ing sakiwa tengené;[799] lan para kang padha angèstu ing akhirat pada angèstu marang iku sarta marang salaté padha tuhu-tuhu rumeksa.

وَهٰذَا كِتٰبٌ اَنْزَلْنٰهُ مُبٰرَكٌ مُّصَدِّقُ الَّذِيْ بَيْنَ يَدَيْهِ وَلِتُنْذِرَ اُمَّ الْقُرٰى وَمَنْ حَوْلَهَا ۭ وَالَّذِيْنَ يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ يُؤْمِنُوْنَ بِهٖ وَهُمْ عَلٰى صَلَاتِهِمْ يُحَافِظُوْنَ ﴿٩٣﴾

94 Lan sapa kang luwih atindak dudu tinimbang kang agawé-gawé goroh marang Allah, utawa acalathu: Sabda kawedharaké marang aku; Ing mangka ora ana sabda apa-apa kang kawedharaké marang dhèwèké, lan sapa sing calathu: Aku bisa anurunaké papadhané apa kang katurunaké déning Allah?[800]

وَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا اَوْ قَالَ اُوْحِيَ اِلَيَّ وَلَمْ يُوْحَ اِلَيْهِ شَيْءٌ وَّمَنْ قَالَ سَاُنْزِلُ مِثْلَ مَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ ۭ

799. Ibuning praja punika ateges titiyangipun ibuning praja. *Ummu-l-Qurâ* punika sesebutanipun nagari Makkah. Rz ngandikakaken bilih sadaya pamanggih sarujuk amastani *Ummu-l-Qurâ* punika Makkah. Awit saking punika sinten ingkang nginten bilih ayat punika lan ayat ing sadèrèngipun punika katurunaken wonten ing Madinah, punika klèntu. Kalayan terang nagari Makkah kasebutaken wonten ing ayat ngriki; awit saking punika nadyan ayat ing sadèrèngipun, ingkang ugi sasambetan kaliyan ayat punika, mangandikakaken titiyang Yahudi tuwin Kanjeng Nabi Musa, meksa boten saged nuwuhaken pamanggih bilih tumurunipun ayat-ayat punika wonten ing nagari Madinah. Makaten ugi *Ummu-l-Qurâ* dipun suraos nagari Madinah, punika inggih klèntu sanget. Déné sababipun nagari Makkah kasebut *Ummu-l-Qurâ*, punika awit kajawi Makkah punika punjer politik lan ruhaninipun tanah Arab, Makkah punika ugi katamtokaken badhé dados punjering ruhani tumrap saindhenging jagad – dados inggih ibuning donya ingkang satuhu.

800. Ing ayat punika boten wonten dhawuh punapa-punapa ingkang anedahaken bilih ingkang dipun karsakaken punika Musailamah tuwin nabi palsu sanès-sanèsipun, ingkang sami ngaken-aken dados nabi nalika jaman ngajengaken badhé rampunging pakaryanipun Kanjeng Nabi, saha ingkang salajengipun kanggé anetepaken bilih ayat punika tumurun ing Madinah jaman akhir. Ayat punika namung nerangaken mawi tembung sanès kasunyatan ingkang sampun katerangaken ing surat punika ayat 21, 145, 158 tuwin ing 39: 32. Karsanipun badhè anucèkaken Kanjeng Nabi, sampun ngantos panjenenganipun winastan damel-damel dora-cara ingkang katumrapaken dhateng Gusti Allah. Tetembungan "utawa acalathu: Sabda kawedharaké marang aku, ing mangka ora ana sabda apa-apa kang kawedharaké marang dhèwèké," punika namung nerangaken dhawuh nginggilipun: "Sapa kang luwih atindak dudu tinimbang kang agawé-gawé goroh marang Allah," déné tetembungan "Aku bisa anurunaké papadhané apa kang katurunaké déning Allah," punika tembungipun para titiyang ingkang boten purun angèstu ing kayektèning wahyu Ilahi, utawi kados déné ingkang kapangandikakaken ing panggènan sanès "kafir" dhateng wahyuning Pangéran.

وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذِ الظَّٰلِمُونَ فِى غَمَرَٰتِ الْمَوْتِ
وَالْمَلَٰٓئِكَةُ بَاسِطُوٓا أَيْدِيهِمْ ۚ أَخْرِجُوٓا
أَنفُسَكُمُ ۖ الْيَوْمَ تُجْزَوْنَ عَذَابَ الْهُونِ
بِمَا كُنتُمْ تَقُولُونَ عَلَى اللَّهِ غَيْرَ الْحَقِّ
وَكُنتُمْ عَنْ ءَايَٰتِهِۦ تَسْتَكْبِرُونَ ﴿٩٤﴾

Lan yèn ta sira weruha nalikané para kang atindak dudu ana sajroné sakarating pati sarta para malaikat padha anguluraké tangané: Padha wetokna jiwanira. Ing dina iki sira bakal winales siksa kang anginakaké, amarga saka anggonira pada calathu amitunani Allah kang dudu beneré lan (amarga) saka anggonira padha gumedhé marang timbalan-timbalan-É.

وَلَقَدْ جِئْتُمُونَا فُرَٰدَىٰ كَمَا خَلَقْنَٰكُمْ أَوَّلَ
مَرَّةٍ وَتَرَكْتُم مَّا خَوَّلْنَٰكُمْ وَرَآءَ ظُهُورِكُمْ ۖ
وَمَا نَرَىٰ مَعَكُمْ شُفَعَآءَكُمُ الَّذِينَ زَعَمْتُمْ
أَنَّهُمْ فِيكُمْ شُرَكَٰٓؤُا ۚ لَقَد تَّقَطَّعَ بَيْنَكُمْ
وَضَلَّ عَنكُم مَّا كُنتُمْ تَزْعُمُونَ ﴿٩٥﴾

95 Lan sayekti temen sira padha tumeka marang Ingsun ijèn, kaya anggon-Ingsun anitahakè sira sakawit, lan apa kang wus Ingsun paringakè marang sira padha sira tinggal ana ing saburining gegerira, lan Ingsun ora mirsani para pantaranira anyartani sira, kang padha sira sengguh, yèn dhèwèké iku para sisihané (Pangéran) tumrapé sira; yekti temen wis pedhot (tataliné) antarané sira, sarta wis sirna saka ing sira apa kang padha sira sengguh mau.[801]

RUKU' 12

Kamenangan-akhir(-ipun) Yekti

96-100. Tumuwuhing samukawis ing jagad tumindakipun sarenti. 101. Anganggepaken putra tumrap dhateng Sariraning Pangéran.

إِنَّ اللَّهَ فَالِقُ الْحَبِّ وَالنَّوَىٰ ۖ يُخْرِجُ الْحَىَّ
مِنَ الْمَيِّتِ وَمُخْرِجُ الْمَيِّتِ مِنَ الْحَىِّ ۚ
ذَٰلِكُمُ اللَّهُ ۖ فَأَنَّىٰ تُؤْفَكُونَ ﴿٩٦﴾

96 Sayekti Allah adamel malethèké wiji lan isi kurma; Panjenenganè angetokaké barang urip saka barang mati sarta Panjenenganè iku kang angetokaké barang mati saka barang urip; yaiku Allah! lah kapriyé marganè anggonira padha kebalik?[802]

801. Terangipun: para kang sira sengguh dadi sisihané Allah, iku ora bakal mitulungi sira apa-apa.
802. Kanjeng Nabi mumulang punika dipun sanépakaken kados déné nanem wiji. Nadyan

97 Panjenengané malethèkaké bangun-ésuk sarta andadèkaké wengi minangka palereman apa déné srengéngé lan rembulan minangka pétungan; iki tatanané Ingkang-Minulya, Ingkang-Angudanèni.[803]

فَالِقُ الْإِصْبَاحِ ۚ وَجَعَلَ اللَّيْلَ سَكَنًا وَالشَّمْسَ وَالْقَمَرَ حُسْبَانًا ۚ ذَٰلِكَ تَقْدِيرُ الْعَزِيزِ الْعَلِيمِ ﴿٩٧﴾

98 Lan Panjenengané iku kang andadèkaké lintang-lintang tumrap marang sira, supaya sira padha katuntun nurut dalan kang bener ana ing pepetenging dharatan lan sagara; temen Ingsun wus amijang-mijangaké timbalan-timbalan-Ingsun tumrap wong kang padha weruh.[804]

وَهُوَ الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ النُّجُومَ لِتَهْتَدُوا بِهَا فِي ظُلُمَاتِ الْبَرِّ وَالْبَحْرِ ۗ قَدْ فَصَّلْنَا الْآيَاتِ لِقَوْمٍ يَعْلَمُونَ ﴿٩٨﴾

99 Lan Panjenengané iku kang wus anuwuhaké sira saka ing jiwa sawiji, tumuli (tumrapé sira) ana enggon palèrènan sarta panyimpenan; temen Ingsun wus amijang-mijangaké timbalan-timbalan tumrap wong kang padha mangerti.[805]

وَهُوَ الَّذِي أَنشَأَكُم مِّن نَّفْسٍ وَاحِدَةٍ فَمُسْتَقَرٌّ وَمُسْتَوْدَعٌ ۗ قَدْ فَصَّلْنَا الْآيَاتِ لِقَوْمٍ يَفْقَهُونَ ﴿٩٩﴾

100 Lan Panjenengané iku kang anurunaké banyu saka mendhung;

وَهُوَ الَّذِي أَنزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَخْرَجْنَا

katingalipun makaten kados ical tanpa lari wonten ing siti, suprandéné boten dangu tumunten thukul dados wit ingkang ageng. Angedalaken gesang saking pejah punika angedalaken umat ingkang gesang saking umat Arab ingkang pejah menggah ing ruhaninipun. Déné angedalaken pejah saking gesang, punika nyasmitani pejahipun ruhani para titiyang ingkang rumiyinipun naté kaparingan gesang ruhani lumantar wahyuning Pangéran.

803. Pepeteng ingkang nglimputi bumi tumunten badhé kasilakaken, lajeng kasantunan papadhang, sami kados déné plethèking raina, pepeteng ical dados papadhang.

804. Ing kapustakan agami lintang-lintang punika minangka sanépanipun papadhang alit ingkang suka pitedah dhateng umat. Kanjeng Nabi punika kasanépakaken surya. Déné para ingkang sami tampi papadhang saking panjenenganipun sarta gentos nyunaraken dhateng ngasanès, kasanépakaken lintang-lintang. Mila kadhawuhaken déning Kanjeng Nabi Suci "Para sahabat iku kaya déné lintang; sapa baé ing antarané koturut kowé aran nurut dadalan kang bener." Wedharaning ngibarat, makaten: Panjenengané kang wus gawé papadhang kanggo anuntun sira tumrap ing kawadhagan, mesthi ora kasupèn maringi tuntunan ruhani marang sira.

805. *Mustaqarr* tuwin *mustauda'* saged dipun jarwani warni-warni, kadosta ateges: balung ula-ulanipun bapa tuwin talanakaning biyung, ingkang mengku kajeng *jaler* tuwin èstri (AH), utawi, "enggon palèrènan" punika gesang sapunika punika, "pasimpenan" punika kubur, dados mengku teges bilih sawenèhipun wonten ingkang gesang, sawenèhipun pejah; utawi "enggon palèrènan" punika *enggèning nugraha ingkang wekasan*, déné "pasimpenan" punika *dudunung ing sawatawis wekdal wonten ing donya punika*. Utawi punika isim masdar ateges manggèn, tuwin *titip*; *manggèn* punika wonten ing gesang sapunika punika, déné *titip* punika wangsul dhateng Pangéran (AH, Rz).

tumuli iku Ingsun anggo anrubusaké sarupané tanem tuwuh, tumuli saka ing kono Ingsun angetokaké (gogodhongan) ijo-ijo, saka ing kono Ingsun angetokaké wiji matumpa-tumpa (ing wuwulèn); lan saka ing wit kurma, saka mancungé, sarta dhodhompolan (kurma), kena diranggèh; apa déné kebon anggur lan zaitun sarta dlima kang madharupa tuwin kang ora madharupa; padha andelenga marang wohé nalikané awoh sarta matengé; sayekti ing dalem mangkono iku temen tandha-yekti tumrap wong kang padha angèstu.

بِهٖ نَبَاتَ كُلِّ شَيْءٍ فَاَخْرَجْنَا مِنْهُ خَضِرًا
نُّخْرِجُ مِنْهُ حَبًّا مُّتَرَاكِبًا ۚ وَمِنَ النَّخْلِ
مِنْ طَلْعِهَا قِنْوَانٌ دَانِيَةٌ وَّجَنّٰتٍ مِّنْ
اَعْنَابٍ وَّالزَّيْتُوْنَ وَالرُّمَّانَ مُشْتَبِهًا
وَّغَيْرَ مُتَشَابِهٍ ۗ اُنْظُرُوْٓا اِلٰى ثَمَرِهٖٓ اِذَآ اَثْمَرَ
وَيَنْعِهٖ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكُمْ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ﴿١٠٠﴾

101 Lan dhéwéké padha andadèkaké jin dadi sisihané Allah, mangka iku kabèh Allah kang anitahaké, sarta dhéwéké padha angakokaké putra lanang lan putra wadon marang Panjenengané, kalawan tanpa kawruh; Mahasuci Panjenengané iku lan Mahaluhur saka anggoné padha anyipati (Panjenengané).[806]

وَجَعَلُوْا لِلّٰهِ شُرَكَآءَ الْجِنَّ وَخَلَقَهُمْ وَ
خَرَقُوْا لَهٗ بَنِيْنَ وَبَنٰتٍ ۢ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۗ
سُبْحٰنَهٗ وَتَعٰلٰى عَمَّا يَصِفُوْنَ ﴿١٠١﴾

RUKU' 13

Kamajengan ingkang sarenti

102-106. Buktinipun Kasawijining Pangéran. 107, 108. Sirnaning (agami) manembah pangéran kathah kalayan sarenti. 109. Boten kénging nyanyamah Pangéran palsu. 110, 111. Nedha tandha yekti.

102 Ingkang-Amurwani langit-
a. 162 langit lan bumi![a] Kapriyé anggoné

بَدِيْعُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ اَنّٰى يَكُوْنُ

806. Saged dipun suraos ingkang dipun karsakaken punika piwulang Majusi inggih punika *dualisme* ingkang nganggep bilih Allah punika ingkang nitahaken saé, déné sétan ingkang nitahaken awon; utawi ingkang dipun karsakaken punika pangandelipun bangsa Arab bilih *jinn* punika tumut nyampuri damel wontening pandamelipun manusa, utawi nyampuri damel wonten ing begja tuwin cilaka ingkang dhumawah dhateng tiyang (Rz). Dados *jinn* ing ngriki saged ateges sétan utawi jin. Kanggènipun tembung *jinn* sanès-sanèsipun, ingkang namung kasebut wonten ing dhawuh ingkang katurunaken ing Nagari Makkah, kula aturi mirsani 822.

Panjenengané kagungan putra, kang mangka Panjenengané ora kagungan garwa, sarta Panjenengané (Piyambak) anitahaké samubarang, apa déné Panjenengané iku Ingkang-Angudanéni ing samubarang![806A]

لَهُ وَلَدٌ وَّلَمْ تَكُنْ لَّهُ صَاحِبَةٌ ۗ وَخَلَقَ كُلَّ شَيْءٍ ۚ وَهُوَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ﴿١٠٢﴾

103 Yaiku Allah, Pangéranira, ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; Ingkang-Anitahaké samubarang; mulané padha ngabdia ing Panjenengané, sarta Panjenengané iku Ingkang-murba ing samubarang.

ذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمْ ۚ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ خَالِقُ كُلِّ شَيْءٍ فَاعْبُدُوْهُ ۚ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ وَّكِيْلٌ ﴿١٠٣﴾

104 Pandeleng ora bisa nyakup ing Panjenengané, lan Panjenengané nyakup marang sakèhing pandeleng, sarta Panjenengané iku Ingkang-Angudanèni ing lembut, Ingkang-Waspada.[807]

لَا تُدْرِكُهُ الْاَبْصَارُ ۫ وَهُوَ يُدْرِكُ الْاَبْصَارَ ۚ وَهُوَ اللَّطِيْفُ الْخَبِيْرُ ﴿١٠٤﴾

105 Temen wus teka marang sira tandha-tandha yekti saka Pangéranira; mulané sapa sing gelem andeleng, lah iya *makolèhi marang* jiwané dhéwé, lan sapa sing micak, lah iya mitunani marang dhèwèkè dhéwé; lan aku iki dudu jurungreksa tumrap marang sira.

Ar. *tumrap*

قَدْ جَآءَكُمْ بَصَآئِرُ مِنْ رَّبِّكُمْ ۚ فَمَنْ اَبْصَرَ فَلِنَفْسِهٖ ۚ وَمَنْ عَمِيَ فَعَلَيْهَا ۗ وَمَآ اَنَا عَلَيْكُمْ بِحَفِيْظٍ ﴿١٠٥﴾

106 Lan kaya mangkono anggon Ingsun angambali timbalan-timbalan, lan dimèn dhèwèké padha ngucap: Èntukmu maca; lan iku supaya Ingsun anerangaké marang wong kang padha weruh.

وَكَذٰلِكَ نُصَرِّفُ الْاٰيٰتِ وَلِيَقُوْلُوْا دَرَسْتَ وَلِنُبَيِّنَهٗ لِقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ﴿١٠٦﴾

806A. Ayat punika tuwin ayat-ayat sambetipun nerangaken adiluhungipun Kasawijèning Pangéran. Mastani Allah puputra, punika sami kaliyan ngakeni bilih Panjenenganipun punika kagungan garwa; manawi boten makaten tembung *putra* punika kedah namung dipun suraos ngibarat. Mirsanana 161.

807. Paningal wadhagipun manusa, punika makardinipun namung wonten ing salebeting wawates ingkang sakalangkung rupak sarta namung saged ningali bleger, boten saged anggagapi *Dhat Ingkang-Mahasampurna.* Panjenenganipun punika bangsa alus, namung saged dipun tingali sarana mripat ruhani.

اِتَّبِعۡ مَاۤ اُوۡحِیَ اِلَیۡکَ مِنۡ رَّبِّکَ ۚ لَاۤ اِلٰہَ
اِلَّا ہُوَ ۚ وَ اَعۡرِضۡ عَنِ الۡمُشۡرِکِیۡنَ ﴿۱۰۷﴾

107 Manuta apa kang kawedharaké marang sira saka Pangéranira; ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; lan sira méngoa saka wong kang padha anjèjèri (sisihan Allah).[808]

وَ لَوۡ شَآءَ اللّٰہُ مَاۤ اَشۡرَکُوۡا ؕ وَ مَا جَعَلۡنٰکَ
عَلَیۡہِمۡ حَفِیۡظًا ۚ وَ مَاۤ اَنۡتَ عَلَیۡہِمۡ بِوَکِیۡلٍ ﴿۱۰۸﴾

108 Lan yèn ta Allah angarsakna, dhèwèké ora bakal padha anjèjèri (sisihan Allah), sarta Ingsun ora andadèkaké sira dadi panjaga tumrap dhèwèké, lan sira (pancèn) dudu juru-ngreksa marang dhèwèké.

وَ لَا تَسُبُّوا الَّذِیۡنَ یَدۡعُوۡنَ مِنۡ دُوۡنِ اللّٰہِ
فَیَسُبُّوا اللّٰہَ عَدۡوًۢا بِغَیۡرِ عِلۡمٍ ؕ کَذٰلِکَ
زَیَّنَّا لِکُلِّ اُمَّۃٍ عَمَلَہُمۡ ۪ ثُمَّ اِلٰی رَبِّہِمۡ
مَّرۡجِعُہُمۡ فَیُنَبِّئُہُمۡ بِمَا کَانُوۡا یَعۡمَلُوۡنَ ﴿۱۰۹﴾

109 Lan aja padha nyanyamah kang padha diuwuh saliyané Allah, mundhak dhèwèké padha anyanyamah Allah angliwati wates amarga saka ora ngertiné. Kaya mangkono anggon-Ingsun amamaèsi tumrap siji-sijining umat (apa) panggawéné; tumuli marang Pangérané bakal enggoné bali, Panjenengané banjur bakal amartani dhèwèké apa kang wus padha dilakoni.[809]

وَ اَقۡسَمُوۡا بِاللّٰہِ جَہۡدَ اَیۡمَانِہِمۡ لَئِنۡ جَآءَتۡہُمۡ
اٰیَۃٌ لَّیُؤۡمِنُنَّ بِہَا ؕ قُلۡ اِنَّمَا الۡاٰیٰتُ عِنۡدَ

110 Lan dhèwèké padha supata dhemi Allah kalawan supatané kang abanget, yèn ana tandha yekti tumeka marang dhèwèké, iku masthi dhèwèké bakal padha angèstu. Calathua: Tandha-tandha yekti iku

808. Dhawuh punika déning sawenèh ngulami dipun suraos paréntah nilar nagari Makkah.

809. Boten wonten agami sanès ingkang nyamèni agami Islam momotipun dhateng agami sanès. Lah ing ngriki para Muslimin ingawisan boten kénging nyanyamah brahalanipun umat sanès, nadyan nyembah brahala punika dipun lepataken sanget kalayan tetembungan ingkang sakalangkung keras. Prayogi dipun terangaken pisan bilih ngresiki Ka'bah saking brahala-brahala, ingkang kalampahan nalika Makkah dhumawah wonten ing astanipun Kanjeng Nabi, punika babar pisan boten cecengkahan kaliyan ayat punika, jalaran nyirnakaken manembah brahala kaliyan nyanyamah brahala, punika boten sami.

Pandamel ingkang kapangandikakaken dipun papaèsi tumrap manusa, punika *pandamel saé*, ingkang déning raos tuwin nalar dipun akeni manawi pranyata saé, sanès pandamel ingkang katingalipun kémawon saé, margi saweg kablinger, mangka nyatanipun boten saé. Kula aturi mirsani ayat 43 tuwin ayat 138.

mung ana ing ngarsaning Allah; lan apa ta kang bakal meruhaké ing sira, yèn samangsa iku teka, dhèwèké bakal padha ora angèstu.[810]

اللّٰهِ وَمَا يُشْعِرُكُمْ اَنَّهَآ اِذَا جَآءَتْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ﴿١١٠﴾

111 Lan Ingsun bakal ambalikaké ati-atiné lan pandeleng-pandelengé, kaya anggoné padha ora angèstu ing iku dhèk sakawit lan padha Ingsun togaké ing pandaluyané kanthi padha bingung.[811]

وَنُقَلِّبُ اَفْـِٕدَتَهُمْ وَاَبْصَارَهُمْ كَمَا لَمْ يُؤْمِنُوْا بِهٖٓ اَوَّلَ مَرَّةٍ وَّنَذَرُهُمْ فِيْ طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُوْنَ ﴿١١١﴾

JUZ VIII

RUKU' 14

Panglawanipun para manembah pangéran kathah

112-114. Saben nabi wonten mengsahipun. 115-112. Panembah pangéran kathah punika sulaya kaliyan Islam, inggih kalahiranipun inggih kabatosanipun.

112 Lan sanajan ta Ingsun anurunna para malaikat marang dhèwèké lan (sanajan ta) para wong mati padha angandhanana dhèwèké sarta Ingsun angimpun samubarang ana ing ngarepé, ora

وَلَوْ اَنَّنَا نَزَّلْنَآ اِلَيْهِمُ الْمَلٰٓئِكَةَ وَكَلَّمَهُمُ الْمَوْتٰى وَحَشَرْنَا عَلَيْهِمْ كُلَّ شَيْءٍ قُبُلًا مَّا

810. Para tukang merdéni Quran fihak Nasrani dipun réncangi krenggosan anggènipun badhé ambuktèkaken bilih Kanjeng Nabi boten saged maringi tandha yekti, awawaton dhawuh ingkang wonten ing ayat punika, pambudidaya wau cetha anggènipun nyengklèng sanget. *Lan apa ta kang bakal meruhaké sira, yèn samangsa iku teka, dhèwèké bakal padha ora angèstu*? Margi kalèntu tampi anggènipun nyuraos dhawuh *tandha-tandha yekti iku mung ana ing ngarsaning Allah,* punika ingkang murugaken bibrah anggènipun nyuraos dhawuhipun Quran Suci ingkang cetha pratéla punika. Pancèn inggih, dhawuh wau ateges bilih maringi tandha yekti punika boten gumantung wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi piyambak, nanging dhawuh wau boten teka lajeng ateges bilih tandha yekti punika boten saged dipun paringakeni utawi boten badhé dipun paringaken. Kosokwangsulipun *tandha yekti mung ana ing ngarsaning Allah*, punika ateges bilih Allah badhé maringaken tandha yekti pundi ingkang dipun karsakaken tuwin samangsa Panjenenganipun kapareng ing karsa. Langkung-langkung dhawuh: *yèn samangsa iku teka*, punika nedahaken bilih ingkang kasuwun déning para kafir punika satunggaling tandha yekti ingkang tartamtu.

811. Kados déné ingkang sampun katerangaken déning ayat punika piyambak, *ambalikaké ati-atiné lan pandeleng-pandelengé*, punika: anggènipun Allah *angetogaké* ing *pandaluyané*. Sarta ingkang makaten wau margi saking pandamelipun piyambak anggènipun angemohi yekti, nalika yekti wau dumugi dhateng piyambakipun sapisanan. Manawi yekti dipun emohi sarta manawi yekti wau dipun mengsahi, manah lajeng dados tebih, lah inggih manah ingkang saya tebih punika ingkang lajeng katembungaken "ambalikaken manah" saking yekti wau. Para titiyang wau kalajeng-lajeng sami bingung muk-mukan wonten ing pandaluyanipun, boten sami purun angèstu dhateng tandha-tandha yekti. Lah inggih punika Allah ambalikaken manah-manahipun lan paningal-paningalipun punika.

bakal dhèwèké padha angèstu kajaba manawa Allah angarsakaké, ananging kèkèhanè dhèwèké iku padha bodho.[812]

كَانُوا لِيُؤْمِنُوا إِلَّا أَنْ يَشَاءَ اللَّهُ وَلَٰكِنَّ
أَكْثَرَهُمْ يَجْهَلُونَ ﴿١١٢﴾

113 Lan kaya mangkono, Ingsun andadékaké mungsuh tumrap saben-saben nabi sétan manusa lan jin,[813] kang sawenèh abibisik marang sawenèhé pangucap pupulasan pangapus-krama, lan saupama Pangéranira angarsakna, dhèwèkè ora bakal padha anindakaké (mangkono) iku, mulané sira togna baé dhèwèké dalah sabarang doracarané;

وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَا لِكُلِّ نَبِيٍّ عَدُوًّا شَيَاطِينَ
الْإِنْسِ وَالْجِنِّ يُوحِي بَعْضُهُمْ إِلَىٰ بَعْضٍ
زُخْرُفَ الْقَوْلِ غُرُورًا ۚ وَلَوْ شَاءَ رَبُّكَ
مَا فَعَلُوهُ ۖ فَذَرْهُمْ وَمَا يَفْتَرُونَ ﴿١١٣﴾

114 Lan supaya ati-atiné para kang padha ora angèstu marang akhirat tumiyunga mrono sarta supaya padha kasdua marang iku apa déné dimèn padha apakolih apa kang bakal pinakolih (saka ing piala).

وَلِتَصْغَىٰ إِلَيْهِ أَفْئِدَةُ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ
بِالْآخِرَةِ وَلِيَرْضَوْهُ وَلِيَقْتَرِفُوا مَا هُمْ
مُقْتَرِفُونَ ﴿١١٤﴾

812. Bab ingkang kawarsitakaken wonten ing ayat 111 dipun lajengaken malih wonten ing ngriki. Tiyang ingkang asikep mengsahi yekti, punika tansah wonten kémawon, sarta anggènipun mengsahi punika sakalangkung sanget ngantos mirengaken kémawon dhateng rembag-rembag ingkang maton boten purun. Wonten ing Quran malaikat tumurun punika mengku teges warni-warni. Minangka tuladha. kadosta ngampil sabdanipun Allah dhateng para nabi-Nipun, nyiksa tiyang duraka, nindakaken paréntahipun Allah, niyup krenteg saé dhateng manahipun manusa; sarta dhawuh wau ing ngriki saged dipun suraos mengku suraos wau sadaya. Nanging manawi dhawuh punika dipun cundhukaken kaliyan ayat 159 ingkang andhawuhaken "Dhèwèké padha ora angentèni apa-apa, kajaba tekane para malaikat ....," punika lajeng anedahaken bilih dhawuh punika mengku teges rawuhipun malaikat ingkang badhé andhawahaken siksa ingkang sampun kapancasan badhé katurunaken. Tiyang pejah wicanten, punika ingkang dipun karsakaken gesangipun malih tiyang ingkang pejah ruhaninipun: kula aturi nyundhukaken kaliyan dhawuh ing ayat 123 "Apa ta wong kang maune mati .... banjur Ingsun uripaké ...." Utawi ingkang dipun karsakaken punika pasaksinipun para titiyang ingkang sampun pejah sadèrèngipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang kaserat wonten serat-seratanipun. Déné angimpun sadaya barang, punika tegesipun angimpun samukawis ingkang magepokan kaliyan siksanipun para titiyang wau. Tegesipun: sawenèh para mengsah sanget anggènipun wuta, ngantos tandha-tandha yekti utawi pasaksèn-pasaksèn ingkang sakalangkung terang gamblang, punika boten saged damel yakinipun para titiyang wau.

813. Manusa lan jinn ing ngriki cetha ateges manusa limrah tuwin para panuntun, jalaran dhawuh sambetipun punika nedahaken bilih inggih para titiyang punika ingkang sami abibisik satunggal kaliyan satunggalipun bab pangucap pupulasan pangapus krama. Tembung *jinn*, boten prabéda lan tembung *syaithân*, punika wonten ing Quran Suci asring dipun agem kanggé mangandikakaken manusa.

115 Lah apa ta aku dadak golèk
Ar. *lan* juru-mutusi saliyané Allah? *Mang-*
ka Panjenenganè iku kang anu-
runaké marang sira kitab kang
terang-awijang; lan para kang
padha Ingsun paringi kitab padha
weruh yèn sayektiné iku katu-
Ar. *kalawan* runaké saka Pangéranira *ing dalem*
yekti; mulané aja sira padha dadi
Ut. *mamang* èwoné kang padha *madoni.*

أَفَغَيْرَ اللَّهِ أَبْتَغِي حَكَمًا وَهُوَ الَّذِي أَنْزَلَ
إِلَيْكُمُ الْكِتَابَ مُفَصَّلًا ۚ وَالَّذِينَ آتَيْنَاهُمُ
الْكِتَابَ يَعْلَمُونَ أَنَّهُ مُنَزَّلٌ مِنْ رَبِّكَ
بِالْحَقِّ فَلَا تَكُونَنَّ مِنَ الْمُمْتَرِينَ ﴿١١٥﴾

116 Lan wis kalakon sabdaning Pangéranira kalawan nyata lan adil; ora ana kang bisa angowahi marang sabda-Né, lan Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni.[814]

وَتَمَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ صِدْقًا وَعَدْلًا ۚ لَا
مُبَدِّلَ لِكَلِمَاتِهِ ۚ وَهُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ﴿١١٦﴾

117 Lan yèn sira manut kèhkèhané kang ana ing bumi, iku bakal padha nasaraké sira saka dadalaning Allah; ora liya dhèwèké iku mung padha manut panyana, lan ora liya mung padha goroh.

وَإِنْ تُطِعْ أَكْثَرَ مَنْ فِي الْأَرْضِ يُضِلُّوكَ
عَنْ سَبِيلِ اللَّهِ ۚ إِنْ يَتَّبِعُونَ إِلَّا الظَّنَّ
وَإِنْ هُمْ إِلَّا يَخْرُصُونَ ﴿١١٧﴾

118 Sayèkti, Pangéranira – Panjenengané iku luwih ngudanèni sapa kang sasar saka dadalan-É, sarta Panjenengané iku luwih ngudanèni marang kang padha nurut dalan bener.

إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ مَنْ يَضِلُّ عَنْ سَبِيلِهِ ۖ
وَهُوَ أَعْلَمُ بِالْمُهْتَدِينَ ﴿١١٨﴾

119 Mulané padha mangana apa kang asmaning Allah nganggo disebut ing kono, manawa sira iku wong kang angèstu marang timbalan-timbalan-É.[815]

فَكُلُوا مِمَّا ذُكِرَ اسْمُ اللَّهِ عَلَيْهِ إِنْ
كُنْتُمْ بِآيَاتِهِ مُؤْمِنِينَ ﴿١١٩﴾

814. *Sabda* ing ngriki ateges sabda piweca, awit kadhawuhaken manawi punika "sampun kalampahan" sarta ingkang kénging katembungaken "kalampahan" utawi "kanyataan" punika namung ing babagan piweca. Salajengipun kula aturi mirsani 770.

815. Dhawuh ingkang maréntahaken nedha punapa ingkang asmaning Allah mawi sinebut, punika menggah ing sajatosipun dhawuh ingkang wigatos ngawisi boten kénging nedha punapa-punapa ingkang namaning brahala mawi sinebut, inggih punika babagan ingkang mesthi kaunculaken saben badhé ngrembag prakawis anyirnakaken manembah brahala. Bab punika saya langkung terang, manawi para maos kapareng nyundhukaken kaliyan ayat 122.

120 Lan apa ta karanané, déné sira padha ora gelem mangan apa kang asmaning Allah nganggo disebut ing kono, lan temen Panjenengané wis amijangaké ing sira apa kang Panjenengané anglarangi ingatasé sira – kajaba barang kang sira kepeksa *mangkono*; lan sayekti temen akèh kang arep anasaraké (wong) kalawan pépénginané kang asor, jalaran tanpa kawruh; sayekti, Pangéranira – Panjenengané iku luwih angudanèni marang wong kang padha anglangkahi wates.

Ar. *mrono*

وَمَا لَكُمْ أَلَّا تَأْكُلُوا مِمَّا ذُكِرَ اسْمُ اللَّهِ عَلَيْهِ وَقَدْ فَصَّلَ لَكُم مَّا حَرَّمَ عَلَيْكُمْ إِلَّا مَا اضْطُرِرْتُمْ إِلَيْهِ ۗ وَإِنَّ كَثِيرًا لَّيُضِلُّونَ بِأَهْوَائِهِم بِغَيْرِ عِلْمٍ ۗ إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ بِالْمُعْتَدِينَ ﴿١٢٠﴾

121 Lan padha atinggala dosa lahir lan dosa batin; sayekti para kang padha amakolih dosa, bakal winales kalawan apa kang wis padha pinakolih.[816]

وَذَرُوا ظَاهِرَ الْإِثْمِ وَبَاطِنَهُ ۚ إِنَّ الَّذِينَ يَكْسِبُونَ الْإِثْمَ سَيُجْزَوْنَ بِمَا كَانُوا يَقْتَرِفُونَ ﴿١٢١﴾

122 Lan aja padha mangan barang kang ing kono asmaning Allah ora disebut, lan sayekti iku temen panerak; lan sayekti para sétan iku temen padha abibisik marang para mitrané, supaya padha madonana sira; lan manawa sira ambangun turut dhèwèké, sayekti sira iku wong kang manembah pangéran akèh.

وَلَا تَأْكُلُوا مِمَّا لَمْ يُذْكَرِ اسْمُ اللَّهِ عَلَيْهِ وَإِنَّهُ لَفِسْقٌ ۗ وَإِنَّ الشَّيَاطِينَ لَيُوحُونَ إِلَىٰ أَوْلِيَائِهِمْ لِيُجَادِلُوكُمْ ۖ وَإِنْ أَطَعْتُمُوهُمْ إِنَّكُمْ لَمُشْرِكُونَ ﴿١٢٢﴾

RUKU' 15

Lawan ingkang ageng

123, 124. Rancanganing para panuntun anggènipun badhé nglawan. 125, 126. Sami badhé manggih asor boten kadumugèn sedyanipun. 127, 128. Rahayu tumrap para angèstu. 129, 130. Panuntun sarta pandhèrèkipun.

816. Ngemungaken pamanggihipun budipakerti ingkang asor kémawon, ingkang mastani bilih ingkang kedah dipun tebihi punika ngemungaken dosa dhateng babrayan thok. Ing ngriki para Muslimin kadhawuhan nganggep dosa lahir lan dosa batin punika sami kémawon, kedah dipun singkiri sadaya. Dhawuh punika ugi suka gagambaran dhateng kula sami ing kasucianing panggalihipun Kanjeng Nabi, inggih punika gething dhateng dosa, sami ugi punapa dosa lahir punapa dosa batin.

أَوَمَنْ كَانَ مَيْتًا فَأَحْيَيْنَٰهُ وَجَعَلْنَا لَهُۥ
نُورًا يَمْشِى بِهِۦ فِى ٱلنَّاسِ كَمَن مَّثَلُهُۥ
فِى ٱلظُّلُمَٰتِ لَيْسَ بِخَارِجٍ مِّنْهَا ۚ كَذَٰلِكَ
زُيِّنَ لِلْكَٰفِرِينَ مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿١٢٣﴾

123 Apa ta wong kang mauné mati banjur Ingsun uripaké, lan Ingsun gawèkaké papadhang kanggo lumaku ing antarané para manusa, iku padha karo wong kang sanépané ana sajroning pepeteng kang lilimengan, kang dhèwèké tanpa bisa metu saka ing kono?[817] Kaya mangkono iku anggoné tumrapé para wong kafir pinaès-paès apa kang wus padha dilakoni.

وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَا فِى كُلِّ قَرْيَةٍ أَكَٰبِرَ
مُجْرِمِيهَا لِيَمْكُرُوا۟ فِيهَا ۖ وَمَا يَمْكُرُونَ
إِلَّا بِأَنفُسِهِمْ وَمَا يَشْعُرُونَ ﴿١٢٤﴾

124 Lan kaya mangkono ing dalem siji-sijining nagara Ingsun andadèkaké para gedhéné dadi wongé sing duraka, dimèn padha agawé upaya ana ing kono; lan ora liya anggoné padha agawé upaya iku kajaba tumama ing jiwané dhéwé sarta (iku) padha ora rumasa.[818]

وَإِذَا جَآءَتْهُمْ ءَايَةٌ قَالُوا۟ لَن نُّؤْمِنَ
حَتَّىٰ نُؤْتَىٰ مِثْلَ مَآ أُوتِىَ رُسُلُ ٱللَّهِ ۘ ٱللَّهُ
أَعْلَمُ حَيْثُ يَجْعَلُ رِسَالَتَهُۥ ۗ سَيُصِيبُ
ٱلَّذِينَ أَجْرَمُوا۟ صَغَارٌ عِندَ ٱللَّهِ وَعَذَابٌ

125 Lan kalané ana timbalan, tumeka ing dhèwèké, padha acalathu: Aku ora bakal padha angèstu nganti tumekané aku kaparingan padhané barang kang kaparingaké para utusaning Allah. Allah iku luwih angudanèni ing ngendi anggoné Panjenengané amapanaké ayahan-É.[819] Para kang padha duraka bakal padha katiban asor ing ngarsaning Allah sarta siksa kang

817. Dhawuh punika saged nerangaken ayat-ayat kathah sanget, ingkang mangandikakaken anggesangaken malih tiyang pejah lumantar para andika nabi lan para andika rasul.

818. Terangipun, boten prabéda lan lekasipun para pinisepuhipun nagari Makkah sami damel upaya badhé nyédani Kanjeng Nabi, lah makaten ugi para titiyang-agengipun saben kitha, inggih sami nindakaken kalepatan damel upaya lumawan nabi-nabinipun. Para titiyang ingkang santosa dipun paringi kalonggaran ngetog kakiyatanipun damel bencana dhateng para nabi, supados menangipun yakti, nadyan dipun mengsahi di kados punapa déning para titiyang wau, saged anélakaken bilih astaning Pangéran punika pranyata kagem mitulungi yakti wau.

819. Manawi sampun boten saged mabeni malih bukti-buktinipun Quran Suci ingkang maton punika, para kafir mesthi lajeng mungel, manawi kapara nyata Allah kapareng nurunaken ayahan-Ipun, punapa déné boten terus dipun turunaken kémawon dhateng para titiyang wau piyambak? Dhawuh wangsulanipun, boten saben tiyang pantes sasambetan kaliyan Pangéran, sarta Allah punika langkung anguningani sinten tiyangipun ingkang kapilih.

abanget, amarga saka anggoné padha agawé upaya.[820]

شَدِيدٌۢ بِمَا كَانُوْا يَمْكُرُوْنَ ١٢٤

126 Mulané, sapa sing dikarsakaké déning Allah bakal katuntun ing dalan kang bener, Panjenenganée anjembarakaké dhadhané marang Islam, lan sapa sing dikarsakaké bakal kasasaraké, Panjenenganée andadèkaké dhadhané rupak lan sesak, kaya-kaya arep sumengkaa mandhuwur; kaya mangkono anggoné Allah andèkèki lelethek marang para kang padha ora angèstu.[821]

فَمَنْ يُّرِدِ اللّٰهُ اَنْ يَّهْدِيَهٗ يَشْرَحْ صَدْرَهٗ
لِلْاِسْلَامِ ۚ وَمَنْ يُّرِدْ اَنْ يُّضِلَّهٗ يَجْعَلْ
صَدْرَهٗ ضَيِّقًا حَرَجًا كَاَنَّمَا يَصَّعَّدُ فِى
السَّمَآءِ ؕ كَذٰلِكَ يَجْعَلُ اللّٰهُ الرِّجْسَ
عَلَى الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ ١٢٥

127 Lan iki dadalané Pangéranira, (dalan) kang bener; temen Ingsun wus amijang-mijangaké timbalan-timbalan tumrap wong kang padha éling.

وَهٰذَا صِرَاطُ رَبِّكَ مُسْتَقِيْمًا ؕ قَدْ
فَصَّلْنَا الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّذَّكَّرُوْنَ ١٢٦

128 Dhèwèké bakal padha olèh enggon karahayon ing ngarsaning Pangérané, sarta Panjenenganée iku pangayomané, amarga saka barang kang wus padha dilakoni.

لَهُمْ دَارُ السَّلٰمِ عِنْدَ رَبِّهِمْ وَهُوَ
وَلِيُّهُمْ بِمَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ١٢٧

820. Dhawuh punika mengku weca ingkang mecakaken nasib ingkang badhé dipun sandhang déning para mengsah ingkang kiyat, ingkang sami damel upaya badhé nyirnakaken Islam tuwin para Muslimin.

821. Dhawuh ingkang kamot ing ayat punika, “Lan sapa sing dikarsakaké bakal kasasaraké .....” punika sok dipun suraos kalèntu, inggih punika dipun kinten bilih mengku teges “para titiyang kafir anggènipun sami kafir punika margi sampun kapasthi déning Gusti Allah boten badhé saged angèstu, kados boten sagedipun piyambakipun minggah dhateng langit;” ing mangka menggah ing sajatos-jatosipun dhawuh wau boten mengku suraos ingkang kados makaten wau الصعود في السماء punika ateges *sumengka munggah*. Kados déné manawi tiyang minggah ngantos mencit, dhadhanipun karaos rupak, menggèh-menggèh ambeganipun, lah makaten ugi para kafir angèl sanget anggènipun badhé nampèni yekti. Anggènipun sami kafir punika boten teka jalaran dhadhanipun rupak, nanging rupaking dhadhanipun wau margi saking anggènipun sami kafir. Dhawuh ing wekasaning ayat ingkang mungel: “kaya mangkono anggoné Allah andèkèki lelethek marang para kang padha ora angèstu,” anyethakaken katrangan punika. Ing sakawit piyambakipun boten purun angèstu tuwin angemohi yekti, temahan “lelethek murugaken rupaking dhadhanipun” minangka angsal-angsalaning anggènipun kafir. Bab prakawis Allah anasaraken manusa, sampun katerangaken kanthi panjang wonten ing katrangan angka 44, sarta dhawuh ing 2: 26 wau ambuktèkaken kalayan cetha punapa tegesipun dhawuh: “Iku diagem nasaraké ing akèh sarta diagem nuntun ing akèh; ananging ora diagem nasaraké (wong siji-sijia) kajaba wong kang padha murang yekti.”

129 Lan ing dinané Panjenengané angimpun dhèwèké kabèh; É, grombolaning Jin![822] temen kowé wis anjupuki kèh-kèhaning manusa. Lan para mitrané, saka antaraning para manusa, bakal acalathu: Pangéran kawula! kawula sami mamrih pakolih sawenèh

وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ جَمِيعًا يَٰمَعْشَرَ الْجِنِّ
قَدِ اسْتَكْثَرْتُم مِّنَ الْإِنسِ وَقَالَ أَوْلِيَآؤُهُم
مِّنَ الْإِنسِ رَبَّنَا اسْتَمْتَعَ بَعْضُنَا بِبَعْضٍ

822. Tembung *jin* punika wonten ing Quran Suci boten mesthi kagem kalayan mengku tegesipun ingkang asli, inggih punika titah ingkang manawi dipun sifati kalayan gumathok makaten: *ruh ingkang atanpa raga ingkang boten kénging ginrayang utawi tiningalan*, inggih punika tembung ingkang karimbag saking tembung janna, ingkang tegesipun: *nutupi* utawi *ngumpetake* utawi *andhelikaké* utawi *ngreksa*. Ing Quran Suci bangsaning titah ingkang kanamakaken jinn, inggih punika rohing piawon utawi titah ingkang ngajak manusa dhateng awon, punika dados kosokwangsulipun malaikat, inggih punika ingkang ngajak manusa dhateng kasaénan; kalih-kalihipun (jinn lan malaikat) sami anggènipun boten saged kasumerepan ing mripating manusa. Nanging ing kapustakan Arab, makaten ugi ing Quran Suci, tembung wau langkung wiyar malih kanggènipun. Tegesipun tembung wau satunggal sampun katerangaken wonten ing 2580, para maos kula aturi mirsani katrangan ing ngriku. Prayogi dipun pèngeti pisan ing ngriki bilih ing Quran tembung wau ugi kanggé nembungaken pangageng utawi panuntun ingkang kiyat, ingkang margi saking wigatosing lenggahipun sarta margi saking anggènipun tebih saking titiyang kathah, ngantos boten mardika srawung kaliyan tiyang kathah wau, dadosipun tansah tebih utawi "sumingid saking mripatipun tiyang kathah wau." Boten wonten anèhipun manawi tembung wau dipun anggé makaten punika, jalaran wonten ing 26 (2: 14) Quran Suci piyambak mangandikakaken manusa ingkang kados *syaithân* utawi *sétan*. Ing kasusastran Arab, migunakaken tembung wau sacara kados makaten punika kéngang-kénging kémawon. Awawaton kateranganipun Tabrizi nalika anggancaraken Ham, LL nerangaken kidungipun Musa bin Jabir: فما نفرت جني ولا فل مبردي makaten: "*Lan kanca-kancaku, kang kaya jin iku, ora padha lumayu* nalika aku iku teka marang dhèwèké lan mènèhi pawarta marang dhèwèké, *lan iya ora ilatku, kang kaya déné kikir iku, ilang landhepé*." Lah ing ngriku tembung *jinn* punika dipun jarwani *mitra ingkang kados jin*. Salajengipun Tabrizi nerangaken bilih *tiyang Arab nyanépakaken tiyang ingkang limpad lan pinter ing prakawis warni-warni*, *punika kados déné jin tuwin syaithân*, milanipun titiyang Arab gadhah tetembungan نفرت جنه (ingkang tegesipun wantah *jinné wus lumayu*), ingkang tegesipun *dhèwèké dadi ringkih lan ina*. Awit saking punika kancanipun satunggaling tiyang, ingkang manawi boten angsal pitulunganipun piyambakipun mesthi dados ringkih lan ina, punika winastan *jinni*, utawi saboten-botenipun wonten ing kasusastran Arab tembung wau kénging dipun anggé kalayan sacara ngibarat, ateges mitra, juru-pitulung ingkang kados makaten wau. Prayogi dipun wewahi katrangan bilih *jinn*, punika manawi dados katranganipun (sifatipun) tembung *anom*, ateges anom *pérangan ingkang saé piyambak* utawi *ingkang wiwitan* utawi *nedheng-nedhengipun*, kados déné ukara كان ذلك في جن شبابه ingkang tegesipun *mangkono iku nalika anom-anomé*. Tegesipun tembung wau sanès-sanèsipun ingkang wigatos, kula aturi mirsani 2580.

Lah sapunika mongga sami dipun titi-priksa punapa ingkang dipun karsakaken "grombolaning *jinn*" ing ngriki punika, saha *jinn* ing ayat 131. Punika lajeng badhé cetha pratéla manawi kita purun maos ayat punika kaliyan ayat-ayat sambetipun. Ing ayat punika kapangandikakaken *jinn* dados *mitranipun manusa*. Ayat 130 ingkang binukanan tembung *kadhâlika* (ingkang ateges *mangkono uga* utawi *lah mangkono*) mangandikakaken bilih ngemungaken *sawenèh tiyang ingkang atindak dédé* kémawon ingkang *mimitran kaliyan sawenèhipun*. Dados manawi ayat kakalih punika dipun waos sareng kalayan terang anedahaken bilih mitra ing dalem ayat kakalih wau sami kémawon, inggih punika tumrapipun ingkang satunggal sinebut *jinn* satunggalipun sinebut *dzâlimin* (ingkang sami atindak dédé). Malih, ing ayat 132 *jinn* wau punika ugi kapangandikakaken manawi boten sanès kajawi inggih

sawenèhipun saha kawula sampun sami dumugi ing ubaya kawula ingkang sampun Tuwan ubayakaken ing kawula. Panjenengané bakal ngandika: Geni iku panggonanira, bakal padha dudunung ing kono, kajaba manawa ana kaperenging karsané Allah; sayekti Pangéranira iku Wicaksana, Angudanèni.[823]

وَبَلَغْنَآ أَجَلَنَا الَّذِيٓ أَجَّلْتَ لَنَا ۚ قَالَ النَّارُ مَثْوٰىكُمْ خٰلِدِينَ فِيهَآ إِلَّا مَا شَآءَ اللّٰهُ ۗ إِنَّ رَبَّكَ حَكِيمٌ عَلِيمٌ ﴿١٢٩﴾

130 Lan kaya mangkono anggon Ingsun agawé mimitrané sawenèhé para wong kang atindak dudu marang sawenèhé, amarga saka barang kang wus padha pinakolih.

وَكَذٰلِكَ نُوَلِّي بَعْضَ الظّٰلِمِينَ بَعْضًا بِمَا كَانُوا يَكْسِبُونَ ﴿١٣٠﴾

RUKU' 16

Tartamtunipun siksa ingkang angancam

131-134. Pèpènget. 135, 136. Siksa ingkang angancam punika boten kénging dipun singkiri. 137-141. Anggènipun sami gugon tuhon saha amejahi anak.

131 E, grombolaning para jin lan manusa! apa ora ana utusan saka ing antaranira kang padha anekani sira, anyaritakaké timbalan-timbalan-Ingsun marang sira

يٰمَعْشَرَ الْجِنِّ وَالْإِنْسِ أَلَمْ يَأْتِكُمْ رُسُلٌ مِّنْكُمْ يَقُصُّونَ عَلَيْكُمْ اٰيٰتِي

ingkang dudunung wonten ing kitha-kitha ingkang rinisak margi saking dosanipun punika, mangka *jinn* ingkang sami dudunung wonten ing kitha-kitha punika inggih manusa. Salajengipun bab punika katerangaken déning 14: 21: "Para kang apes bakal calathu marang para kang padha gumedhé: Sayekti aku biyèn padha pandhèrèkmu." Lah pandhèrèk ingkang apes tuwin para panuntun ingkang gumedhé ing ngriku, sami plek lenggahipun kaliyan manusa lan jinn ing ayat punika. Dhawuh ing 33: 67 ugi nerangaken bab punika: "Lan padha munjuk: Dhuh Pangéran kawula! Saèstu kawula sampun ambangun turut ing para pangajeng kawula saha para ageng kawula, wusana sami nasaraken kawula saking margi." Lah ing ngriku para panuntun lan para ageng punika terang manawi sami kaliyan jinn ingkang kasebut ing ayat warni kalih ingkang sampun karembag ing ngajeng. Ayating Quran Suci sanès-sanèsipun malih kathah sanget ingkang nerangaken sasambetanipun pandhèrèk lan para panuntun ingkang gumedhé, kados déné sasambetanipun manusa lan jinn ing ayat-ayat punika. Wonten ing 2: 14 (mirsanana 26) tembung *syayâthîn* ingkang ateges sétan-sétan punika dipun agem kalayan mengku teges para panuntun ingkang remen damel wisuna; awit saking punika kados boten wonten pakèwedipun manawi tembung jinn ing ngriki punika kasuraos mengku teges saminipun punika. Salajengipun kula aturi mirsani 824.

823. Dhawuh *kajaba manawa ana kaparenging karsané Allah*, punika anedahaken bilih tiyang ingkang sami wonten ing naraka punika wekasanipun badhé dipun entas saking ngriku. Katranganipun bab punika ingkang panjang kula aturi mirsani 1201.

وَيُنذِرُونَكُمْ لِقَآءَ يَوْمِكُمْ هٰذَا ۚ قَالُوا شَهِدْنَا عَلٰٓى أَنفُسِنَا وَغَرَّتْهُمُ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا وَشَهِدُوا عَلٰٓى أَنفُسِهِمْ أَنَّهُمْ كَانُوا كٰفِرِينَ ﴿١٣١﴾

sarta apépéling ing sira prakara sapatemon ing dinanira iki?[824] Bakal padha matur: "Kawula aneksèni dhateng badan kawula piyambak," sarta kauripan donya iki wus angapusi dhèwèké, apa déné dhèwèké bakal padha aneksèni marang jiwané dhéwé, yèn sajatiné padha wong kafir.

ذٰلِكَ أَن لَّمْ يَكُن رَّبُّكَ مُهْلِكَ الْقُرٰى بِظُلْمٍ وَّأَهْلُهَا غٰفِلُونَ ﴿١٣٢﴾

132 Mangkono iku amarga Pangéranira ora bakal angrusak kutha-kutha kalawan panganiaya, kang mangka wongé padha léna.[825]

وَلِكُلٍّ دَرَجٰتٌ مِّمَّا عَمِلُوا ۚ وَمَا رَبُّكَ بِغٰفِلٍ عَمَّا يَعْمَلُونَ ﴿١٣٣﴾

133 Lan kabèh iku padha duwé drajat salaras karo apa kang padha dilakoni; lan ora pisan Pangéranira iku léna marang apa kang padha dilakoni.

وَرَبُّكَ الْغَنِيُّ ذُو الرَّحْمَةِ ۚ إِن يَشَأْ يُذْهِبْكُمْ وَيَسْتَخْلِفْ مِنۢ بَعْدِكُم مَّا يَشَآءُ كَمَآ أَنشَأَكُم مِّن ذُرِّيَّةِ قَوْمٍ اٰخَرِينَ ﴿١٣٤﴾

134 Lan Pangéranira iku Ingkang-Sugih, Ingkang-Kagungan wilasa; manawa Panjenengané ngarsakaké, saged Panjenengané amecat sira lan anggentèkaké sapa kang dadi karsa-Né ing sapungkurira, kaya déné anggoné Panjenengané wus anuwuhaké sira saka wijining wong liya.

إِنَّ مَا تُوعَدُونَ لَاٰتٍ ۙ وَّمَآ أَنتُم بِمُعْجِزِينَ ﴿١٣٥﴾

135 Sayekti apa kang diancamaké sira, masthi kalakon lan ora pisan sira bisa ngoncati (iki).[285A]

824. Ing ngriki *jinn* lan *manusa* dipun pangandikani bilih sampun naté karawuhan rasul-rasul saking antawising bangsanipun. Lah rèhning para rasul ingkang sampun kula mangertosi wonten ing Quran saha wonten ing babadipun para nabi sanès-sanèsipun ingkang kénging pinitados punika mesthi kagolong bangsaning manusa, dados jinn ingkang kapangandikakaken wonten Ing ngriki punika masthi inggih kagolong bangsaning manusa sanès bangsaning titah sanès.

825. Inggih punika: manawi sami dèrèng kadhatengan juru-pèpènget tuwin dèrèng naté kadhatengan pèpènget.

285A. Malih, dipun pèngetana sabda pangandika ingkang kadhawuhaken dhateng para manembah brahala Quraisy – tuwin lumantar piyambakipun sadaya para mengsahing yekti – ingkang sampun kénging katamtokaken mesthi kalampahanipun; inggih punika sabda pangandika ing ayat punika tuwin ing ayat saderengipun, ingkang mangandikakaken bilih panguwaosipun wonten ing nagarinipun badhé sirna sarta badhé kagentosan déning umat ingkang badhé dipun adegaken. Inggih punika para Muslimin.

136 Calathua: E, bangsaku! padha anglakonana ing sabisanira; déné aku iya nglakoni; lah sira bakal tumuli padha weruh, sapa sing bakal olèh wekasaning enggon (kang becik); sayekti ora begja para wong kang atindak dudu.

قُلْ يَٰقَوْمِ ٱعْمَلُوا۟ عَلَىٰ مَكَانَتِكُمْ إِنِّى
عَامِلٌ ۖ فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ مَن تَكُونُ لَهُۥ
عَٰقِبَةُ ٱلدَّارِ ۗ إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ ٱلظَّٰلِمُونَ ﴿١٣٦﴾

137 Lan dhèwèké padha nisihaké sabagéan kanggo Allah saka barang kang katitahaké déning Panjenenganè kang arupa tatanduran lan rajakaya, banjur padha
Ar. *kalawan panemuné* calathu: Iki bagéané Allah – *mangkono panemuné* – lan iki bagéané kanthi-kanthiku; déné apa kang dadi bagéané kanthi-kanthiné lah ora tumeka marang Allah, lah apa kang (disisihaké) dadi bagéané Allah, lah iku tumeka marang kanthi-kanthiné; ala barang kang padha dipancasi iku.[826]

وَجَعَلُوا۟ لِلَّهِ مِمَّا ذَرَأَ مِنَ ٱلْحَرْثِ وَٱلْأَنْعَٰمِ
نَصِيبًا فَقَالُوا۟ هَٰذَا لِلَّهِ بِزَعْمِهِمْ وَهَٰذَا
لِشُرَكَآئِنَا ۖ فَمَا كَانَ لِشُرَكَآئِهِمْ فَلَا يَصِلُ
إِلَى ٱللَّهِ ۖ وَمَا كَانَ لِلَّهِ فَهُوَ يَصِلُ إِلَىٰ
شُرَكَآئِهِمْ ۗ سَآءَ مَا يَحْكُمُونَ ﴿١٣٧﴾

138 Lan kaya mangkono para kanthi-kanthiné[827] anggoné amaès-maèsi tumrap kèh-kèhané para manembah pangéran akèh amatèni anak-anaké,[828] supaya bisa angrusakaké dhèwèké sarta supaya ametengaké agamané marang dhèwèké;[829] lan manawa Allah angar-

وَكَذَٰلِكَ زَيَّنَ لِكَثِيرٍ مِّنَ ٱلْمُشْرِكِينَ
قَتْلَ أَوْلَٰدِهِمْ شُرَكَآؤُهُمْ لِيُرْدُوهُمْ
وَلِيَلْبِسُوا۟ عَلَيْهِمْ دِينَهُمْ ۖ وَلَوْ شَآءَ ٱللَّهُ مَا

826. Sampun kacara wonten ing antawisipun para manembah brahala Arab, miyambakaken pérangan sawatawis saking asiling pategilan tuwin raja-kayanipun, sapérangan kagem Allah tuwin sapérangan tumrap brahala-brahalanipun. Pérangan ingkang tumrap brahala punika mesthi inggih kanggé brahala-brahala wau, nanging pérangan ingkang dipun piyambakaken kagem Allah, punika sanajan adatipun dipun anggé nyukani tedha titiyang pekir tuwin titiyang miskin, suprandéné inggih asring kémawon lajeng dipun lintiraken dhateng brahala-brahalanipun, kadosta manawi pérangan ingkang tumrap brahala-brahala wau kilap margi saking punapa risak (I'Ab-Rz) Déne pérangan ingkang tumrap brahala-brahala wau dipun sukakaken dhateng para pandhita.

827. "Para kanthi-kanthiné" ing ngriki ateges para ingkang sami dipun anggep pangéran sanèsipun Allah, utawi para pandhita utawi sétan-sétan ingkang sami dipun enut.

828. Ingkang dipun karsakaken inggih punika tata-cara mejahi utawi mendem gesang-gesangan laré-laré èstri (Rz), tuwin ugi kurban tiyang tumrap brahala-brahala, kados déné ingkang kala kading sok dipun prasetyakaken, manawi piyambakipun gadhah anak jaler kathah, ingkang satunggal badhé dipun kurbanaken dhateng satunggaling brahala (Kf).

829. Sarana ngawontenaken tata-cara gugon-tuhon lan awon punika, piyambakipun nama

فَعَلُوهُ فَذَرْهُمْ وَمَا يَفْتَرُونَ ﴿١٣٨﴾

sakna, ora bakal dhèwèké padha nindakaké iku, mulané padha sira togna baé dalah sabarang doracarané.

وَقَالُوا هَٰذِهِ أَنْعَامٌ وَحَرْثٌ حِجْرٌ لَا يَطْعَمُهَا إِلَّا مَنْ نَشَاءُ بِزَعْمِهِمْ وَأَنْعَامٌ حُرِّمَتْ ظُهُورُهَا وَأَنْعَامٌ لَا يَذْكُرُونَ اسْمَ اللَّهِ عَلَيْهَا افْتِرَاءً عَلَيْهِ ۚ سَيَجْزِيهِمْ بِمَا كَانُوا يَفْتَرُونَ ﴿١٣٩﴾

139 Sarta padha calathu: Iki raja-kaya sarta tanduran kekeran: ora ana kena mangan iki, kajaba sapa kang dadi sarju-Ku[830] – *mangkono panemuné* – sarta rajakaya kang dilarangi gegeré,[831] apa déné rajakaya kang ing kono ora nganggo anyebut asmaning Allah[832] – agawé doracara marang Panjenengané; Panjenengané bakal males dhèwèké amarga saka anggoné padha adoracara.

Ar. *kalawan panemuné*

وَقَالُوا مَا فِي بُطُونِ هَٰذِهِ الْأَنْعَامِ خَالِصَةٌ لِذُكُورِنَا وَمُحَرَّمٌ عَلَىٰ أَزْوَاجِنَا ۖ وَإِنْ يَكُنْ مَيْتَةً فَهُمْ فِيهِ شُرَكَاءُ ۚ سَيَجْزِيهِمْ وَصْفَهُمْ ۚ إِنَّهُ حَكِيمٌ عَلِيمٌ ﴿١٤٠﴾

140 Sarta padha acalathu: Apa kang ana ing jeroné wetengé rajakaya iki mung mligi tumrap para wong-wongku lanang, lan larangan ing ngatasé wong-wongku wadon, lan manawa metu wis mati lah ing kono dhèwèké kabèh padha olèh bagéan; Panjenengané bakal males dhèwèké amarga saka anggoné anyifati (goroh marang Allah); sayekti Panjenengané iku Wicaksana, Udani.

قَدْ خَسِرَ الَّذِينَ قَتَلُوا أَوْلَادَهُمْ سَفَهًا بِغَيْرِ عِلْمٍ وَحَرَّمُوا مَا رَزَقَهُمُ اللَّهُ افْتِرَاءً

141 Temen kapitunan para kang padha matèni anaké kalawan kabodhoan tanpa kawruh sarta angaramaké paparinging Allah

metengaken tuwin ambibrah agami ingkang sajati, inggih punika agami lalados dhateng Pangéran Ingkang-Mahatunggal, ingkang dipun wulangaken déning Kanjeng Nabi Isma'il (Rz).

830. Ngemungaken para ingkang sami lalados dhateng brahala-brahala tuwin titiyang jaler kémawon, ingkang kénging nedha punika, tiyang èstri boten kénging.

831. Ingkang dipun karsakaken kéwan *bahîrah*, *sâibah* lan sapiturutipun. Mirsanana 742.

832. Inggih punika kèwan ingkang dipun kurbanaken atas namanipun brahala-brahala. Sadaya punika, dalah ingkang kapangandikakaken ing ayat kakalih candhakipun, dipun dhawuhaken bilih punika tata-cara panembah brahala, sarta perlu sanget nampèni piwulang tauhid punika boten namung kandheg wonten ing téori kémawon, nanging kedah dumugi ing tindak ambucal sawarnining adat tata-cara kina ingkang adhadhasar panembah brahala.

marang Allah; temen dhèwèké padha sasar sarta dudu wong kang padha manut dadalan kang bener.

عَلَى اللّٰهِ ۚ قَدْ ضَلُّوْا وَمَا كَانُوْا مُهْتَدِيْنَ

RUKU' 17

Aweranipun para manembah brahala ingkang dipun trapaken dhateng badanipun piyambak

142. Paparingipun Allah ingkang arupi wowohan sarta wiji-wiji mawarni-warni. 143-145. Paparingipun Allah ingkang arupi rajakaya sarta bab aweranipun para manembah brahala ingkang dipun trapaken dhateng badanipun piyambak.

142 Lan Panjenenganè iku Kang anukulaké kebon (anggur), kang dianjang-anjangi lan kang tanpa anjang-anjang, sarta kurma tuwin pekahing wiji, kang wohé[833] abéda-béda, apa déné zaitun lan dalima, kang madha-rupa lan kang ora madha-rupa, padha mangana wohé kalané awoh sarta ambayara zakaté apa beneré ing dina pangundhuhé, sarta aja sira padha keladuk; sayèkti Panjenenganè iku ora remen marang wong kang padha keladuk.

وَهُوَ الَّذِيْٓ اَنْشَاَ جَنّٰتٍ مَّعْرُوْشٰتٍ وَّغَيْرَ
مَعْرُوْشٰتٍ وَّالنَّخْلَ وَالزَّرْعَ مُخْتَلِفًا
اُكُلُهٗ وَالزَّيْتُوْنَ وَالرُّمَّانَ مُتَشَابِهًا وَّغَيْرَ
مُتَشَابِهٍ ۗ كُلُوْا مِنْ ثَمَرِهٖٓ اِذَآ اَثْمَرَ وَ
اٰتُوْا حَقَّهٗ يَوْمَ حَصَادِهٖ ۖ وَلَا تُسْرِفُوْا ۗ
اِنَّهٗ لَا يُحِبُّ الْمُسْرِفِيْنَ

143 Lan sawenèhé rajakaya ana kang kadadèkaké kéwan momotan sarta sembelèhan;[834] Padha mangana apa paparingé Allah ing sira, sarta aja padha manut garis-garising sétan; sayekti dhèwèké iku tumraping sira mungsuh kang tétéla.

وَمِنَ الْاَنْعَامِ حَمُوْلَةً وَّفَرْشًا ۗ كُلُوْا
مِمَّا رَزَقَكُمُ اللّٰهُ وَلَا تَتَّبِعُوْا خُطُوٰتِ
الشَّيْطٰنِ ۗ اِنَّهٗ لَكُمْ عَدُوٌّ مُّبِيْنٌ

833. Tembung *ukul* ing ngriki, makaten ugi ing 2: 265 tuwin ing 13: 35, punika sami kaliyan *tsamar* (TA), ateges *wowohan.*

834. *Farsy* (saking *farasya*, tegesipun *nyebar* utawi *anggelar*), punika ing sakawit ateges *pirantosing gigriya ingkang kajèrèng*, utawi *pasitèn ingkang wiyar.* Nanging ing ngriki, miturut para ahli basa tuwin para mufassir, tembung wau ateges *kèwan sembelèhan*, jalaran kèwan-kèwan wau dipun dhawahaken mangandhap manawi badhé dipun pragat (Rz, TA, LL), utawi jalaran patileman punika kadamel saking rambut utawi wulunipun. Éwadéné inggih wonten sawenèhipun ingkang gadhah pamanggih bilih *hamûlah* punika ateges kèwan ingkang ageng-ageng, déné *farsy* punika kèwan ingkang taksih belo, upaminipun beloning unta, pedhèt tuwin sasaminipun, margi saking anggènipun kirang dedeg, ngantos prasasat klèngsrèh ing siti (Rz).

144 Wolu ajodhon-jodhon sing wedhus gibas loro sing wedhus kacang loro. Calathua: Apa lanangé loro sing Dilarangi, apa wédokané loro iku, apa ta kang kinandhut ing talanakané wédokan loro iku? Aku wartanana kalawan nganggo kawruh manawa sira padha wong temen;[835]

ثَمٰنِيَةَ اَزْوَاجٍ ۚ مِنَ الضَّاْنِ اثْنَيْنِ وَ
مِنَ الْمَعْزِ اثْنَيْنِ ؕ قُلْ ءٰٓالذَّكَرَيْنِ حَرَّمَ
اَمِ الْاُنْثَيَيْنِ اَمَّا اشْتَمَلَتْ عَلَيْهِ اَرْحَامُ
الْاُنْثَيَيْنِ ؕ نَبِّـُٔوْنِيْ بِعِلْمٍ اِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ۝

145 Lan sing unta loro, sing sapi loro. Calathua: Apa lanange loro sing Dilarangi, apa wédokané loro iku, apa ta kang kinandhut ing talanakané wédokan loro iku? Apa ta sira padha aneksèni kalané Allah masiyataké iki marang sira? Lah sapa sing luwih atindak dudu saka wong kang agawé doracara marang Allah, mamrih anasaraké wong-wong, tanpa kawruh? Sayekti Allah iku ora anuntun wong kang padha atindak dudu.

وَمِنَ الْاِبِلِ اثْنَيْنِ وَمِنَ الْبَقَرِ اثْنَيْنِ ؕ
قُلْ ءٰٓالذَّكَرَيْنِ حَرَّمَ اَمِ الْاُنْثَيَيْنِ
اَمَّا اشْتَمَلَتْ عَلَيْهِ اَرْحَامُ الْاُنْثَيَيْنِ ؕ
اَمْ كُنْتُمْ شُهَدَآءَ اِذْ وَصّٰىكُمُ اللّٰهُ بِهٰذَا ۚ
فَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا
لِّيُضِلَّ النَّاسَ بِغَيْرِ عِلْمٍ ؕ اِنَّ اللّٰهَ لَا
يَهْدِي الْقَوْمَ الظّٰلِمِيْنَ ۝ ع

RUKU' 18

Tedha ingkang dipun awisi sarta pawadanipun para manembah brahala ingkang lalawora

146. Tedha ingkang awisan. 147. Ingkang awisan tumrap tiyang Yahudi. 148—151. Pawadanipun para kafir ingkang lalawora.

146 Calathua: Ing sajroné apa kang kawedharaké marang aku, aku ora mrangguli barang kang dilarangi tumrap wong kang mangan, yèn ta mangana (barang) iku, kajaba yèn iku bathang, utawa getih mili, utawa daging cèlèng –

قُلْ لَّآ اَجِدُ فِيْ مَآ اُوْحِيَ اِلَيَّ مُحَرَّمًا عَلٰى
طَاعِمٍ يَّطْعَمُهٗٓ اِلَّآ اَنْ يَّكُوْنَ مَيْتَةً اَوْ
دَمًا مَّسْفُوْحًا اَوْ لَحْمَ خِنْزِيْرٍ فَاِنَّهٗ

835. Titiyang Arab sami gadhah panganggep bilih kèwan wau ingkang pancènipun kaiden tumrap piyambakipun, ing sawenèh prakawis dados awisan. Tata-cara punika sadaya gugon-tuhon, angsal-angsalanipun panembah brahala: ing dhawuh ngriki sadaya wau dipun lepataken, sarta anggènipun boten gumathok tata-cara wau sadaya, kadosta ing sawenèh prakawis ngengingaken barang ingkang tumrap wonten ing prakawis sanèsipun malih kaanggep awisan, punika dipun anggé sabab nglepataken tata-cara wau sadaya.

amarga iku pancèn jember – utawa yèn iku panerak, (asma) saliyané Allah kang nganggo sinebut ing kono; ananging sapa sing kepeksa déning kepépét, ora saka kapéngin lan ora angliwati wates, lah sayekti Pangéranira iku Aparamarta, Mahaasih.[836]

رِجۡسٌ أَوۡ فِسۡقًا أُهِلَّ لِغَيۡرِ ٱللَّهِ بِهِۦۚ
فَمَنِ ٱضۡطُرَّ غَيۡرَ بَاغٖ وَلَا عَادٖ فَإِنَّ
رَبَّكَ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ﴿١٤٦﴾

147 Lan tumrapé para kang padha Yahudi Ingsun wus anglarangi sarupané kang mawa kuku,[837] wondéné sapi lan wedhus Ingsun anglarangi gajihé tumrap dhèwèké,[838] kajaba kang ana ing gigiré sakaroné, utawa jeroan utawa kang kalèt karo balung; iki pidana-Ningsun marang dhèwèké, amarga saka anggoné padha mirong, lan sayekti Ingsun iki sanyata Tuhu.

وَعَلَى ٱلَّذِينَ هَادُواْ حَرَّمۡنَا كُلَّ ذِي
ظُفُرٖۖ وَمِنَ ٱلۡبَقَرِ وَٱلۡغَنَمِ حَرَّمۡنَا عَلَيۡهِمۡ
شُحُومَهُمَآ إِلَّا مَا حَمَلَتۡ ظُهُورُهُمَآ أَوِ
ٱلۡحَوَايَآ أَوۡ مَا ٱخۡتَلَطَ بِعَظۡمٖۚ ذَٰلِكَ جَزَيۡنَٰهُم
بِبَغۡيِهِمۡۖ وَإِنَّا لَصَٰدِقُونَ ﴿١٤٧﴾

148 Lah manawa dhèwèké padha anggorohaké ing sira, banjur calathua: Pangéranira iku gustining

فَإِن كَذَّبُوكَ فَقُل رَّبُّكُمۡ ذُو رَحۡمَةٖ

836. Limrahipun ayat punika kakinten manawi tumurun ing Madinah, jalaran ing ngriku nyebutaken pranatan ingkang gagayutan kaliyan tetedhan awisan. Nanging dhawuh ing 16: 115 ingkang tumurun ing Makkah, sarta malih anggènipun para ngulami sami sarujuk amastani bilih sagemblengipun surat punika katurunaken sapisan rampung, punika nedahaken kalayan terang bilih ayat punika boten yèn ta katurunaken ing Madinah. “Ing sajroné apa kang kawedharaké marang aku, aku ora mrangguli barang kang dilarangi,” punika sajakipun ingkang dipun karsakaken dhawuh ing 16: 115, ingkang tumurunipun sampun langkung rumiyin. Pantes ugi dipun pèngeti bilih awisan ingkang kagelar ing ngriki, punika mawi dipun paringi sabab-sababipun punapa; sababipun bathang lan rah lan daging andhapan dipun awisi, awit barang-barang punika *jember*; déné sababipun dipun awisi kèwan ingkang mawi dipun sebuti sanèsipun asmaning Allah, punika béda malih, inggih punika *fisq*, ingkang gagayutan kaliyan prakawis nembah brahala. Déné jemberipun barang tigang warni ingkang kasebut rumiyin wau, amargi sadaya punika saged damel karisakan dhateng makardinipun akal pikiran, badan wadhag saha budipakerti, déné panerak, tumrapipun ingkang kasebut kantun piyambak wau, amargi punika saged numusi ingkang boten saé dhateng kawontenan ruhani.

837. Miturut I’Ab ingkang dipun karsakaken punika namung unta, utawi unta lan peksi suwari (Rz). Rz gadhah pamanggih bilih *dzufr* ing ngriki punika ateges *kuku* tuwin *kuku (cakar) ingkang kanggé nyengkerem*. Miturut Mjd tuwin Qtd *dhi-dzufr* punika ateges *sarupining kèwan tuwin peksi ingkang tracakipun boten sigar, kadosa unta, peksi unta (suwari), banyak tuwin bèbèk* (TA-LL). Unta kaawisan boten kénging dipun anggé tetedhan, punika nadyan kados déné ingkang katerangaken ing lajenging dhawuh minangka pidana anggènipun sami mirong, suprandéné punika dados barkah tumrap para Yahudi wau. Sabab saking anggènipun sami ambaléla dhateng Kanjeng Nabi Musa, para titiyang wau lajeng kedah dudunung wonten ing ara-ara samun sawatawis laminipun. Lah wonten ing ngriku unta punika ageng sanget pigunanipun kanggé kekésahan mrika-mriki para titiyang wau.

838. “Sira aja mangan sadhéngaha gajihé sapi utawa wedhus gèmbèl tuwin jawa” (Kaimaman 7:23).

wilasa kang jembar-anglimputi; lan pidana-Né ora kena tinulak saka para wong kang duraka.[839]

وَّاسِعَةٍ ۚ وَلَا يُرَدُّ بَأْسُهُ عَنِ الْقَوْمِ الْمُجْرِمِينَ ﴿١٤٨﴾

149 Para kang padha manembah pangéran akèh bakal padha calathu: Manawa Allah angarsakna, ora bakal aku padha nyakuthokna (sawiji-wiji karo Panjenenganè), *mangkono uga* bapak-bapakku; sarta ora bakal aku padha anglarangana apa-apa (tumrap awakku dhéwé); kaya mangkono uga para wong ing sadurungé iya padha anggorohaké, nganti padha angrasakaké pidana-Ningsun. Calathua: apa kowé padha duwé kawruh; lah padha lahirna marang aku? Ora liya sira mung padha manut ing panyana sarta ora liya sira iku mung adoracara.

Ar. *lan ora*

سَيَقُولُ الَّذِينَ أَشْرَكُوا لَوْ شَاءَ اللَّهُ مَا أَشْرَكْنَا وَلَا آبَاؤُنَا وَلَا حَرَّمْنَا مِن شَيْءٍ ۚ كَذَٰلِكَ كَذَّبَ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ حَتَّىٰ ذَاقُوا بَأْسَنَا ۗ قُلْ هَلْ عِندَكُم مِّنْ عِلْمٍ فَتُخْرِجُوهُ لَنَا ۖ إِن تَتَّبِعُونَ إِلَّا الظَّنَّ وَإِنْ أَنتُمْ إِلَّا تَخْرُصُونَ ﴿١٤٩﴾

150 Calathua: Lah kagungané Allah bukti kang sampurna iku; mulané manawa Panjenenganè angarsakaké, amasthi bakal anuntun ing sira kabéh.[840]

قُلْ فَلِلَّهِ الْحُجَّةُ الْبَالِغَةُ ۖ فَلَوْ شَاءَ لَهَدَاكُمْ أَجْمَعِينَ ﴿١٥٠﴾

839. Sih-wilasanipun Allah ingkang anglimputi dipun sebutaken, nadyan saweg mangandikakaken para titiyang ingkang ngemohi dhateng Kanjeng Nabi. Awit saking sih-wilasanipun Allah mila para umat ingkang kafir boten tumunten dipun sirnakaken. Nanging rèhning midana "tiyang lepat" punika piyambak inggih sampun dumunung dados sih-wilasa tumrap dhateng ingkang ringkih tuwin ingkang kaniaya, milanipun Gusti Allah inggih amaringi pèpènget dhateng para titiyang wau, bilih piyambakipun inggih boten mesthi tansah saged suminggah saking pidana.

840. Ayat ingkang sampun nyebutaken pangucapipun para kafir: "Manawa Allah angarsakna, ora bakal aku padha nyakutokna sawiji-wiji karo Panjenenganè." Dhawuh wangsulanipun, Allah iku amedharaké kaparenging karsa-Né lumantar utusan-É ingkang pinilih, mulané mara coba nglahirna wahyuning Pangéran kang sira darbèki kang ngenakaké nembah brahala. Kajawi punika para titiyang wau ugi dipun pangandikani bilih piyambakipun punika namung sami dora-cara tuwin manut ing panyana, sarta boten sami gadhah ngèlmunipun ingkang sajati. Ing ngriki dipun lajengaken anggènipun paring bukti. Allah punika boten kok anasaraken manusa, nanging malah kosokwangsulipun. Panjenenganipun ngutus nabi-nabi-Nipun supados nuntun ing manusa dhateng margi ingkang leres. Awit saking punika ingkang dipun renani punika manawi sadaya tiyang sami lumampah wonten ing margi ingkang leres saha lalados dhateng Gusti ingkang namung satunggal. Punapa punika sanès bukti ingkang kiyat kanggé anduwa pangakenipun ingkang klèntu para manembah brahala? Bangsa Arab sadaya sami katuntun dhateng margi ingkang leres, panembah brahala kasirnakaken ing salami-laminipun saking tengah-tengahipun bangsa wau, sarta tauhid (mangèstu ing Pangéran Mahatunggal) dipun jumenengaken kalayan kekah, ngantos boten saged dipun oyag-oyag malih.

151 Calathua: Nekakna saksi-saksinira, kang bakal padha aneksèni, manawa Allah anglarangi iki; lah manawa dhèwèké padha aneksèni, kowé iya aja mélu dhèwèké aneksèni; lan aja kowé manut pépénginané asor para kang padha anggorohaké timbalan-Ingsun sarta para kang padha ora angèstu ing akhirat tuwin padha amadhakaké (apa-apa) karo Pangérané.

قُلْ هَلُمَّ شُهَدَآءَكُمُ الَّذِيْنَ يَشْهَدُوْنَ
اَنَّ اللّٰهَ حَرَّمَ هٰذَا ۚ فَاِنْ شَهِدُوْا فَلَا
تَشْهَدْ مَعَهُمْ ۚ وَلَا تَتَّبِعْ اَهْوَآءَ الَّذِيْنَ
كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا وَالَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ
بِالْاٰخِرَةِ وَهُمْ بِرَبِّهِمْ يَعْدِلُوْنَ ﴿١٥١﴾

RUKU' 19

Tuntunan pranataning ngagesang

152-154. Kawajiban dhateng Allah, dhateng kadang warga, dhateng badan piyambak sarta dhateng sadaya. 155. Pranatan ingkang sajinis punika ing kitabipun Kanjeng Nabi Musa.

152 Calathua: Padha mrénéa, dak wacané apa kang dilarangi Pangéranira ingatasé sira – yaiku (diéling) aja sira padha anyakuthokaké apa-apa karo Panjenenganeé, sarta marang wong tuwa sakaloron dibecik, lan aja sira padha amatèni anak-anakira, amarga saka (wedi marang) kamlaratan – Ingsun kang angrejekèni sira sarta marang dhèwèké – lan aja sira padha acedhak-cedhak laku nistha; apa kang lahir apa kang batin, lan aja amatèni jiwa kang dilarangi déning Allah, kajaba (yèn wis netepi apa) beneré; iki welingé Panjenenganeé marang sira, supaya sira padha ngerti.

قُلْ تَعَالَوْا اَتْلُ مَا حَرَّمَ رَبُّكُمْ عَلَيْكُمْ
اَلَّا تُشْرِكُوْا بِهٖ شَيْـًٔا وَّبِالْوَالِدَيْنِ اِحْسَانًا ۚ
وَلَا تَقْتُلُوْٓا اَوْلَادَكُمْ مِّنْ اِمْلَاقٍ ۗ نَحْنُ
نَرْزُقُكُمْ وَاِيَّاهُمْ ۚ وَلَا تَقْرَبُوا الْفَوَاحِشَ
مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ ۚ وَلَا تَقْتُلُوا النَّفْسَ
الَّتِيْ حَرَّمَ اللّٰهُ اِلَّا بِالْحَقِّ ۗ ذٰلِكُمْ وَصّٰىكُمْ
بِهٖ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ﴿١٥٢﴾

153 Lan aja padha cedhak-cedhak bandhané bocah yatim, kajaba kalawan laku kang

وَلَا تَقْرَبُوْا مَالَ الْيَتِيْمِ اِلَّا بِالَّتِيْ هِيَ

Tuntunanipun Allah punika kaparingaken lumantar para nabi, sarta manusa punika boten naté dipun peksa nganggé margi ingkang leres; lah punapa malih manut margi ingkang lepat, yèn dipun peksaa, kados pangintenipun para manembah brahala punika. Manusa punika katitahaken kalayan dipun kanthèni kajeng ingkang kajawi namung kawatesan sawatawis mardika tumindak manut ing sakajengipun.

utama,[841] nganti tumekané déwasané; lan padha dikebak ing panaker sarta dikalawan jejeg ing panraju. Ingsun ora mardi-mardi ing jiwa, kajaba sakuwasané; lan samangsa sira calathu, lah padha sing adil,[842] sanajan ta (amitunani) ing krabat, sarta padha anetepana ing janjiné Allah; iki anggoné meling Panjenengané marang sira, supaya sira padha éling;

أَحْسَنُ حَتَّىٰ يَبْلُغَ أَشُدَّهُ ۚ وَأَوْفُوا الْكَيْلَ
وَالْمِيزَانَ بِالْقِسْطِ ۚ لَا نُكَلِّفُ نَفْسًا إِلَّا
وُسْعَهَا ۚ وَإِذَا قُلْتُمْ فَاعْدِلُوا وَلَوْ كَانَ
ذَا قُرْبَىٰ ۚ وَبِعَهْدِ اللَّهِ أَوْفُوا ۚ ذَٰلِكُمْ وَصَّاكُمْ
بِهِ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ ﴿١٥٣﴾

154 Lan (weruha), yèn iki dadalan-Ingsun, kang bener; mulané sira padha manuta iku, sarta aja padha manut ing dalan-dalan (séjé) kang satemah anyimpangaké ing sira saka dadalané Panjenengané; iki anggoné meling Panjenengané marang sira, supaya sira padha suminggah saka ing ala.

وَأَنَّ هَٰذَا صِرَاطِي مُسْتَقِيمًا فَاتَّبِعُوهُ ۚ
وَلَا تَتَّبِعُوا السُّبُلَ فَتَفَرَّقَ بِكُمْ عَنْ
سَبِيلِهِ ۚ ذَٰلِكُمْ وَصَّاكُمْ بِهِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿١٥٤﴾

155 Tumuli Ingsun amaringi Kitab marang Musa, minangka nyampurnakaké (nugraha-Ningsun) marang kang agawé becik (ing liyan), sarta minangka pamijang tumrap sakèhing barang apa déné minangka tuntunan tuwin wilasa, supaya dhèwèké padha angèstu marang bakal sapatemoning Pangérané.[843]

ثُمَّ آتَيْنَا مُوسَى الْكِتَابَ تَمَامًا عَلَى الَّذِي
أَحْسَنَ وَتَفْصِيلًا لِكُلِّ شَيْءٍ وَهُدًى
وَرَحْمَةً لَعَلَّهُمْ بِلِقَاءِ رَبِّهِمْ يُؤْمِنُونَ ﴿١٥٥﴾

841. Terangipun kajaba manawa kalayan sedya arep migunakaké iku amrih prayogané utawa nglakokaké iku murih olèh babathèn (Rz). Pituwasipun wali kénging dipun pendhetaken saking ngriku; kula aturi mirsani 4: 6 tuwin 543.

842. Punika boten namung kawatesan manawi suka pasaksi utawi manawi andhawahaken pancasan kémawon, nanging ugi tumrap samukawis ingkang dipun ucapaken malah inggih kalebet ugi manawi ajak-ajak ing manusa dhateng agami Islam (Rz). Agami Islam ngarsakaken tiyang punika ingkang tulus, ngantos manawi *kasunyatan* punika perlu kawedharaken, sampun ngantos piyambakipun punika nyalèwèng margi saking wontenipun tatangsuling gotrah (utawi, *dhu-l-qurbâ* punika kénging dipun tegesi kerabatipun Kanjeng Nabi). *Kasunyatan,* punika kaperluanipun manusa ingkang angka satunggal, milanipun sampun ngantos kasunyatan wau nandhang47 pituna, nadyan badhé sapinten kémawon genging kapitunan ingkang ngengingi kaperluan sanès.

843. *Sakèhing barang* punika ingkang dipun karsakaken sadaya barang ingkang dipun betahaken kanggé tuntunanipun titiyang Israil, kalebet ugi piweca-piweca ingkang gagayutan kaliyan badhé rawuhipun Kanjeng Nabi.

RUKU' 20

Sedyanipun para angèstu

156-160. Quran punika kawedharaken minangka tuntunan. 161. Angger-anggering wawalesipun saé lan awon. 162-165. Sedya ingkang ageng. 166. Para angèstu ingkang badhé dados pamaréntah ing bumi.

156 Lan iki Kitab, kang Ingsun-wedharaké, kang binarkahan; mulané iku padha sira enuta sarta di padha bekti, supaya sira padha sinihan;[844]

وَهٰذَا كِتٰبٌ اَنْزَلْنٰهُ مُبٰرَكٌ فَاتَّبِعُوْهُ
وَاتَّقُوْا لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُوْنَ ﴿١٥٦﴾

157 Supaya sira ora bakal padha angucap, Kitab iku mung kawedharaké marang rong golongan ing sadurungku sarta Ingsun léna marang kang padha diwaca;[845]

اَنْ تَقُوْلُوْٓا اِنَّمَآ اُنْزِلَ الْكِتٰبُ عَلٰى طَآئِفَتَيْنِ
مِنْ قَبْلِنَا وَاِنْ كُنَّا عَنْ دِرَاسَتِهِمْ لَغٰفِلِيْنَ ﴿١٥٧﴾

158 Utawa (supaya) sira (ora) bakal padha ngucap: Manawa Kitab iku kawedharna marang aku, amasthi aku padha luwih olèh tuntunan tinimbang dhèwèké; mulané temen wus tumeka marang sira bukti kang terang saka Pangéranira sarta tuntunan tuwin wilasa. Lah sapa ta kang luwih atindak dudu tinimbang kang anggorohaké timbalan-timbalaning Allah sarta amaléngosi iku? Ingsun bakal amales para kang padha amaléngosi timbalan-timbalan-Ingsun kalawan siksa kang ala, amarga saka anggoné padha maléngos.

اَوْ تَقُوْلُوْا لَوْ اَنَّآ اُنْزِلَ عَلَيْنَا الْكِتٰبُ لَكُنَّآ
اَهْدٰى مِنْهُمْ ۚ فَقَدْ جَآءَكُمْ بَيِّنَةٌ مِّنْ
رَّبِّكُمْ وَهُدًى وَّرَحْمَةٌ ۚ فَمَنْ اَظْلَمُ
مِمَّنْ كَذَّبَ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ وَصَدَفَ عَنْهَا ۗ
سَنَجْزِى الَّذِيْنَ يَصْدِفُوْنَ عَنْ اٰيٰتِنَا
سُوْٓءَ الْعَذَابِ بِمَا كَانُوْا يَصْدِفُوْنَ ﴿١٥٨﴾

844. Kedah dipun pèngeti, rèhning Quran kasebutaken sasarengan kaliyan wahyu ingkang rumiyin-rumiyin, milanipun lajeng dipun wewahi tembung *mubârak*, ingkang tegesipun *barkah ingkang dumunung wonten ing satunggaling barang lastantun ing salami-laminipun* (Rz). Déné maksudipun wigatos anerangaken bilih Quran punika ing salami-laminipun tetep dados tuking barkah tumrap para pandhèrèkipun, béda kaliyan barkahipun kitab sanèsipun, telas sasampunipun sawatawis wekdal.

845. Margi ing tanah Arab namung wonten titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani, kajawi para manembah brahala, mila inggih namung golongan kalih punika ingkang dipun pangandikakaken.

هَلْ يَنْظُرُوْنَ اِلَّآ اَنْ تَأْتِيَهُمُ الْمَلٰٓئِكَةُ
اَوْ يَأْتِيَ رَبُّكَ اَوْ يَأْتِيَ بَعْضُ اٰيٰتِ رَبِّكَ ۗ
يَوْمَ يَأْتِيْ بَعْضُ اٰيٰتِ رَبِّكَ لَا يَنْفَعُ
نَفْسًا اِيْمَانُهَا لَمْ تَكُنْ اٰمَنَتْ مِنْ قَبْلُ
اَوْ كَسَبَتْ فِيْٓ اِيْمَانِهَا خَيْرًا ۗ قُلِ انْتَظِرُوْٓا
اِنَّا مُنْتَظِرُوْنَ ﴿١٥٩﴾

159 Dhèwèké padha ora angentèni apa-apa, kajaba tekané para malaikat marang dhèwèké, utawa rawuhé Pangéranira,[846] utawa tekané sawenèhing tandha-tandhané[847] Pangéranira. Ing dina bakal tekané sawenèhing tandha-tandhané Pangéranira, sawijining jiwa kang ing sadurungé iku ora angèstu, ora bakal piandelé maédahi, utawa (ora bakal) apakolèh kabecikan *amarga saka* piandelé. Calathua: Padha angentènana, mangkono uga aku iya angentèni.

Ar. *ing dalem*

اِنَّ الَّذِيْنَ فَرَّقُوْا دِيْنَهُمْ وَكَانُوْا شِيَعًا
لَّسْتَ مِنْهُمْ فِيْ شَيْءٍ ۗ اِنَّمَآ اَمْرُهُمْ اِلَى
اللّٰهِ ثُمَّ يُنَبِّئُهُمْ بِمَا كَانُوْا يَفْعَلُوْنَ ﴿١٦٠﴾

160 Sayekti para kang padha amecah-mecah agamané sarta padha dadi panthan-panthan, ora pisan sira *kalebu ing golongané*; prakarané dhèwèké iku mung gumantung marang Allah,[848] tumuli Panjenengané bakal amartani dhèwèké apa kang wus padha dilakoni.

Ut. *milu-milu dhèwèké*

مَنْ جَآءَ بِالْحَسَنَةِ فَلَهٗ عَشْرُ اَمْثَالِهَا ۚ وَ
مَنْ جَآءَ بِالسَّيِّئَةِ فَلَا يُجْزٰٓى اِلَّا مِثْلَهَا
وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ﴿١٦١﴾

161 Sapa kang teka kalawan *kabecikan*, bakal olèh sapuluh mono, lah sapa sing teka kalawan panggawé ala, lah ora bakal winales kajaba satimbangé, sarta ora bakal padha dianiaya.[849]

Ut. *panggawé becik*

846. Dhawuh saminipun punika kasebut wonten ing 2: 210; mirsanana 268. Bd nyuraos rawuhipun malaikat, punika rawuhipun malaikating pejah, utawi rawuhing malaikat ingkang badhé nindakaken pancasan nglebur para ingkang sami milawani (kacocogna 812), déné rawuhipun Pangéran, punika dhatengipun pancasan ingkang wekasan.

847. Inggih punika sawenèhing tandha-tandha magepokan kaliyan leburipun umat ingkang kasebutaken wau.

848. Ing sakawit punika ngéngingi titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani, nanging mengku gogolonganipun sadaya agami, ingkang mecah-mecah agaminipun dados pinten-pinten pérangan, nganggé sapérangan, angemohi pérangan sanèsipun.

849. Boten wonten kitab suci sanèsipun malih (kajawi namung Kitab Quran piyambak), ingkang anggènipun nyifati Mahaasihipun Pangéran anglimputi ngantos samanten punika. Awon, punika mesthi wonten wohipun awon, nanging namung samurwatipun, wangsul kasaénan, saged ngangsalaken ganjaran wiwit tikel sadasanipun. Miturut pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, awon punika dipun apunten utawi dipun wales sawawratipun awon wau, nanging manawi saé, punika ngangsalaken ganjaran wiwit tikel sadasanipun ngantos tikel pitung atusipun (Bkh). Dados ayat punika namung nyebutaken pidananipun awon ingkang awrat piyambak tuwin ganjaranipun saé ingkang sakedhik piyambak.

162 Calathua: (Wondéné) aku, sayekti Pangéranku wus anuntun aku marang dalan kang bener, (yaiku) agama kang bener, agamané Ibrahim, wong tulus, sarta dudu golongané para manembah pangéran-akèh.

قُلْ إِنَّنِي هَدَانِي رَبِّي إِلَىٰ صِرَاطٍ
مُّسْتَقِيمٍ دِينًا قِيَمًا مِّلَّةَ إِبْرَاهِيمَ
حَنِيفًا ۚ وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِينَ ﴿١٦٢﴾

163 Calathua: Sayekti salatku, lan pangorbananku sarta uripku tuwin matiku iku (kabèh) kagungané Allah, Pangéraning ngalam kabèh;[850]

قُلْ إِنَّ صَلَاتِي وَنُسُكِي وَمَحْيَايَ وَ
مَمَاتِي لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿١٦٣﴾

164 Tanpa kanthi Panjenengané iku; lan iki didhawuhaké marang aku, lan aku wiwitané wong kang padha sumarah.

لَا شَرِيكَ لَهُ ۖ وَبِذَٰلِكَ أُمِرْتُ وَأَنَا
أَوَّلُ الْمُسْلِمِينَ ﴿١٦٤﴾

165 Calathua: Apa aku golèk Pangéran liyané Allah? Lan Panjenengané iku Pangéraning samubarang; lan siji-sijining jiwa ora amakolih (ala) kajaba tumrap dhèwèké dhéwé, lan ora bakal wong anyongga sasangganing liyan;[851] tumuli marang Pangéranira enggonira bali, Panjenengané banjur bakal amartani sira barang kang ing kono sira padha apasulayan.

قُلْ أَغَيْرَ اللَّهِ أَبْغِي رَبًّا وَهُوَ رَبُّ كُلِّ
شَيْءٍ ۚ وَلَا تَكْسِبُ كُلُّ نَفْسٍ إِلَّا عَلَيْهَا ۚ
وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ۚ ثُمَّ إِلَىٰ
رَبِّكُم مَّرْجِعُكُمْ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ
فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ﴿١٦٥﴾

850. Sumarah ingkang ambabar pisani dhateng Pangéran kados ingkang kawengku wonten ing tembung Islam, punika kababar kalayan *sampurna wonten ing dalem* sariranipun Kanjeng Nabi, wiwitanipun tiyang Muslim (ayat 164). Tiyang purun makardi, punika wonten pamrihipun warni-warni, inggih ingkang mangka panyurunging lampah, kadosta karana tresna dhateng badanipun piyambak, dhateng anak sémahipun, dhateng kanca tuwin krabatipun, karana tresna nagari tanah wutah rahipun utawi karana tresna dhateng kamanusan umurnipun. Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih maksud utawi sedya, punika manawi saya luhur, saya suci, saya resik boten karana mikangsalaken awakipun piyambak, inggih saya minulya pandamelipun ingkang katindakaken. Nanging wonten ingkang ngungkuli sadaya wau, ngungkuli maksud yasanipun manusa ingkang luhur piyambak, inggih punika karana tresna dhateng Pangéran. Saged ugi pandamel ingkang katindakaken tiyang punika karana mamrih kawilujenganing badanipun piyambak, utawi kawilujenganing ingkang sakalangkung dipun tresnani, utawi nagari tanah wutah rahipun utawi kamanusan umurnipun; nanging tukipun pandamel wau kedahipun karana tresna dhateng Pangéran. Jalaran ngemungaken kalayan pamrih punika kémawon sagedipun kagayuh kasucèn, boten mamrih mikangsalaken badanipun piyambak, tur

851. *Mirsanana kaca candhakipun.*

Ut. *nagara*

166 Lan Panjenengané iku kang wus amisuda sira dadi pamaréntahing *bumi*,[852] sarta angunggulaké sawenèhira apangkat-pangkat angungkuli sawenèhé, pamurih-É anyoba ing sira tumrap apa kang wus kaparingaké ing sira; sayekti Pangéranira iku rikat ing pamales (tumrapé panggawé ala), lan sayekti Panjenengané iku temen Aparamarta, Mahaasih.

وَهُوَ الَّذِي جَعَلَكُمْ خَلَائِفَ الْأَرْضِ وَرَفَعَ
بَعْضَكُمْ فَوْقَ بَعْضٍ دَرَجَاتٍ لِيَبْلُوَكُمْ
فِي مَا آتَاكُمْ ۗ إِنَّ رَبَّكَ سَرِيعُ الْعِقَابِ
وَإِنَّهُ لَغَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿١٦٦﴾

ingkang kalayan sampurna, sarta inggih ngemungaken sarana punika kémawon sagedipun kagayuh kaadilan ingkang sakalangkung jejeg dhateng sadaya makhluk. Lah inggih punika inggil-inggiling sedyanipun gesanging manusa, sarta punika kalayan cekap sampun kagambar wonten ing dalem sugengipun Kanjeng Nabi. Salatipun tuwin pangurbananipun, malah inggih sugeng lan sédanipun punapa, kaunjukakaken kagem Allah Pangéranipun ngalam sadaya.

851. "Lan ora bakal wong kang nyangga sasanggan iku anyangga sasangganing liyan," lah makaten sabdanipun Quran Suci ingkang kagem nulak piwulang Nasrani bab panebusing dosa. Para Nasrani boten saged anjajagi tegesipun ingkang sajati dhawuh punika. Ing panggènan sanès Quran Suci piyambak nerangaken: "Ora bakal wong kang nyangga sasanggan iku anyangga sasangganing liyan; lan ora bakal manusa iku andhuwèni apa-apa kajaba barang kang ditindakaké" (53: 38, 39). Sadaya tiyang punika kalahiraken procot winastan *ingkang anyanggi sasanggèn*, nanging boten teka jalaran piyambakipun punika tiyang dosa, wangsul margi piyambakipun punika anggènipun murwani gesangipun kalayan gadhah tanggelan ingkang katanggel piyambak, sarta inggih margi gadhah tanggelan piyambak wau, mila piyambakipun boten saged nanggel tanggelanipun ngasanès. Saèstu kalèntu sanget manawi winastan bilih Kanjeng Nabi 'Isa (Yesus) punika anggènipun murwani sugengipun tanpa tanggelan ingkang katanggel piyambak. Manawi sugengipun punika dipun sinau ingkang saèstu, katawis manawi panjenenganipun rumaos anggènipun kedah tanggel dhateng tanggelanipun piyambak saha katawis anggènipun migatosaken tanggelanipun wau. Dados sasanggèn ingkang kasebut ing Quran Suci punika sasanggèn tanggelanipun manusa.

852. Saben-saben umat punika kadadosaken gegentosing umat sanèsipun kalayan gilir-gumantos. Titiyang Makkah ingkang sami nembah brahala, punika gegentosipun umat ingkang sampun-sampun, lah sapunika piyambakipun gentos dipun gentosi titiyang Muslimin.

ركوعاتها ٢٤ سُورَةُ الْأَعْرَافِ مَكِّيَّةٌ (٧) اٰيَاتُهَا ٢٠٦

SURAT 7

AL-A’RAF

(*Papan ingkang Luhur*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*24 ruku’, 206 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’	1.	Wedharing sabda dhateng Kanjeng Nabi Sinuci, sarta risakipun ingkang milawani.
Ruku’	2.	Lumawanipun Iblis dhateng Adam.
Ruku’	3.	Pèpènget lumawan bubujuking sétan.
Ruku’	4.	Rawuhipun para utusan lan anggènipun sami dipun emohi.
Ruku’	5.	Para ingkang sami anampèni kautusipun.
Ruku’	6.	Para murang yekti sami apes.
Ruku’	7.	Para tulus sami badhé angrembaka.
Ruku’	8-11.	Gagambaran saking lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh, Hud, Salih, Luth, tuwin Syu’aib
Ruku’	12.	Para titiyang Makkah dipun pèpèngeti badhé dhumawahing pidana.
Ruku’	13-21.	Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa.
Ruku’	22.	Tumitahing manusa dados pasaksèn ing kayektèning piwulangipun wahyuning Pangéran.
Ruku’	23.	Dhumawahing pidana.
Ruku’	24.	Sabda pamungkas.

Irah-irahanipun

Irah-irahanipun surat punika mirid saking *Al-A’râf* utawi *panggènan ingkang luhur,* panggènan para kawulanipun Allah ingkang tulus, ingkang sami netepi kalayan sampurna margining kasunyatan tuwin kasaénan.

Bab ingkang kawarsitakaken

Bab ingkang baku piyambak wonten ing dalem surat punika, inggih punika bab kayektèning wahyunipun Pangéran, katandha saben-saben anyebutaken piwulang bab Kasawijènipun Pangéran. Mila makaten, awit inggih piwulang wau ingkang kasedya ing wahyuning Pangéran murih jumenengipun. Minangka gagambaran, lalampahanipun para andika nabi ingkang sampun-sampun kasebutaken.

Surat punika kawiwitan kalayan anyebutaken kayektèning wahyunipun Pangéran ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi wonten ing dalem Kitab ingkang kasebut Quran Suci, sarta menggah ing kayektènipun kasebutaken kalayan dhapur piweca badhé leburipun para ingkang sami amilawani sumebaripun yakti ingkang kawarsitakaken wonten ing ngriku. Ruku’ ingkang kaping kalih anerangaken bilih anggènipun milawani dhateng Kanjeng Nabi punika sami kaliyan anggènipun milawani sétan dhateng para kawulanipun Allah ingkang tulus, kadosta Adam minangka contonipun. Pratélan wau lajeng kasambetan pèpènget dhateng para manusa lumawan bobolèhanipun sétan wonten ing ruku’ ingkang kaping tiga. Candhakipun, ruku’ ingkang kaping sakawan, nerangaken pratélan umuzm bab rawuhipun para andika nabi, nasib ingkang kasandhang déning para ingkang sami angemohi saha siya-siya dhateng para andika nabi wau, tuwin unggulipun para tiyang tulus. Punika lajeng dipun sambeti ruku’ candhakipun sakawan, ingkang anerangaken gagambaranipun pratélan umum wau sadaya saking lalampahanipun nabi gangsal, ingkang asmanipun tuwin lalampahaning

sugengipun ingkang baku-baku sampun kasumerepan déning bangsa Arab, inggih punika Kanjeng Nabi Nuh, Hud, Shalih, Luth, lan Syu'aib. Nabi gangsal wau nadyan béda-béda umatipun lan béda-béda nagarinipun, anggènipun kasebutaken kalayan urut jamanipun. Lalampahanipun nabi gangsal wau lajeng dipun sambeti ruku' ingkang kaping kalihwelas, ingkang nyebutaken pèpènget dhateng para mengsahipun Kanjeng Nabi, samangsa sami boten mantuni tindakipun, boten kénging boten mesthi inggih badhé nandhang nasib kados ingkang kasandhang para mengsahing yakti ing jaman sampun-sampun.

Surat punika ingkang sapalih, kajawi tigang ruku' ingkang kantun piyambak, amarsitakaken lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa. Lalampahan punika kaanggep wigatos, labet saking anggènipun kathah saminipun antawisipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. kaliyan Kanjeng Nabi Musa, sarta margi saking piwecanipun Kanjeng Nabi Musa ingkang cetha wéla-wéla, ingkang amecakaken rawuhipun satunggaling nabi saking antawising sadhèrèkipun gotrah Israil, inggih punika gotrah Isma'il, aliyas bangsa Arab. Lah inggih awit saking punika déné wonten ing mèh telas-telasipun cariyos lalampahan wau, kasebutaken kalayan mligi piweca-piweca ingkang kamot wonten ing Kitab Torèt lan Kitab Injil. Kanjeng Nabi punika, cocog lan piwecanipun Kanjeng Nabi Musa, kasebut nabi ingkang boten sastra tuwin nabi saking tengah-tengahipun bangsa Arab. Ingkang makaten punika yektinipun sampun laras sanget kaliyan bab-bab ingkang kawarsitakaken wonten ing surat punika; anèhipun déning para juru-niti-priksa Nasrani kaanggep nyengklèng.

Tigang ruku' ingkang wekasan piyambak sifat umum malih. Rumiyin piyambak amarsitakaken Kasawijènipun Pangéran ingkang kasaksèn wonten ing kudrat tumitahipun manusa, wigatos ambuktèkaken ing kayektènipun wahyuning Pangéran ingkang ugi mulangaken bab kasawijèn wau. Lajeng amarsitakaken badhé dhumawahing pidana, lajeng dipun wekasi kalayan sabda ingkang wekasan, ingkang kénging winastan dados sarining surat kakalih, salajengipun dipun pungkasi kalayan panyuwun tuwin adhedhépé dhateng Dhat Ingkang-Mahaluhur.

Sasambetanipun kaliyan surat ingkang sampun

Sasambetanipun surat punika kaliyan surat ingkang sampun saged kacetha kalayan gamblang, manawi bab-bab ingkang kawarsitakaken wonten ing surat kakalih wau dipun tandhing sasarengan. Bab ingkang enggel piyambak, ingkang kawarsitakaken wonten ing surat ingkang sampun, punika piwulang bab Kasawijènipun Pangéran. Lah piwulang warni kalih punika sasambetan rapet satunggal kaliyan satunggalipun, dados surat punika dumunung nyambeti surat ingkang sampun. makaten ugi, ruku'-ruku'-ipun ingkang wekasan surat ingkang sampun, punika amarsitakaken bab tumurunipun Quran; wondéné surat punika, kawiwitan kalayan sabda ingkang mangandikakaken bilih wahyu ingkang kamot wonten ing Quran punika pranyata asli saking Pangéran. Dados, nama mathis sanget gathukipun.

Titimangsanipun nalika katurunaken

Pasaksèn saking nglebet lan saking jawi anedahaken manawi tumurunipun surat punika kirang langkung nunggil jaman kaliyan surat ingkang sampun. Dados titimangsaning anggènipun katurunaken kénging kagolongaken ing jaman nalika ngajengaken hijrah. Paham ingkang saé piyambak wonten ing antawisipun para mufassir ingkang kina-kina, amastani manawi sagemblenging surat punika katurunaken wonten ing Makkah (I'Ab, Hs, Mjd, lan sanès-sanèsipun, AH). Nanging inggih wonten sagolongan alit sanget, ingkang mastani manawi wonten dhawuh-dhawuhipun sawatawis ingkang tumurun ing Madinah. Rèhning boten wonten pasaksènipun ingkang kénging pinitados, mila paham punika kénging kaanggep namung panginten-inten blaka. Para juru-priksa bangsa Nasrani anggènipun mastani bilih ayat 157 – 159 katurunaken wonten ing Madinah, mawi nalar-nalar makaten: sapisan, ing ayat-ayat wau boten wonten tembungipun *Ummi* lan tembung *Torèt* lan *Injil*, ingkang miturut panganggepipun boten naté kasebut wonten ing dhawuh sanèsipun ingkang tumurun ing Madinah; makaten ugi ing ngriku wonten ukaranipun *lan anulungi dhèwèké*, ingkang kasuraos tumuju dhateng para sahabat "panulung" utawi sahabat *Anshar* ing Madinah. Kaping kalihipun, ayat punika medhot urut-urutaning cariyos, ingkang pancènipun terus-terusan. Nalar ingkang angka kalih punika badhé kula oncèki langkung rumiyin. Manawi kacocogaken ayat 156 lan 157 punika, tétéla manawi rapet sasambetanipun boten saged yèn ta kaanggep kagolong ing jaman warni kalih ingkang béda-béda. Ayat 156 kawiwitan kalayan panyuwunipun Kanjeng Nabi Musa, supados umatipun kaparingan sih-wilasa sarta kapungkasan kalayan janjining Pangéran bilih sih-wilasa badhé kaparingaken dhateng para

RUKU' 1

Wedharing Sabda dhateng Kanjeng Nabi Suci, sarta risakipun ingkang milawani

1-3. Kitab kawedharaken. 4-10. Risakipun ingkang sami milawani sarta punika sampun adil.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Ingsun, Allah, Ingkang-Mahawikan, Ingkang-Mahayakti.[853]

الٓمّٓصٓ ①

2 Kitab, kadhawuhaké marang sira – mulané, aja ana rupeké ing *atinira* amarga saka iku[854] –

كِتٰبٌ اُنْزِلَ اِلَيْكَ فَلَا يَكُنْ فِيْ صَدْرِكَ

Ar. *dhadhanira*

pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Musa ingkang netepi dhawuh-dhawuhipun Pangéran tuwin ingkang sami angèstu ing timbalan-timbalanipun Pangéran. Punika lajeng dipun sambeti ayat 157, ingkang kawiwitan kalayan pangandika *kang padha manut Nabi – Utusan* .... ingkang sampun cetha dados sapéranganing pangandika ingkang kawarsitakaken wonten ing ayat sadèrèngipun. Dados ayat kalih wau boten nama medhot, nanging malah sambet rapet, babar pisan boten saged yèn ta kaanggep kagolong jaman warni kalih ingkang béda-béda. Nalar ingkang sapisan ingkang adhadhasar kasebutaken ukara "lan anulungi dhèwèké," punika lugu namung pangangen-angen blaka. Tembung ingkang kados makaten wau lan andhahanipun tembung wau asring kémawon kasebut wonten ing dhawuh-dhawuh ingkang tumurun ing Makkah, kagem mangandikakaken pitulung dhateng agami Islam déning para Muslimin ing Makkah. Déné bab prakawis kasebutipun tembung *Torèt* lan *Injil* punapa déné tembung *Ummi*, punika boten patosa kénging kanggé pasaksèn, awit ing dhawuh-dhawuh ingkang tumurun ing Makkah inggih asring nyebutaken piweca-piwecanipun Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi 'Isa, sarta boten wonten anèhipun ing dhawuh ingkang tumurun ing Makkah wonten ingkang nyebutaken namaning kitabipun nabi kakalih wau. Dados, surat punika ing sagemblengipun èwonipun wahyu Makkiyah ingkang tumurun ing jaman akhir.

---

853. Aksara sakawan, *alif, lâm, mîm,* lan *shâd*, punika ingkang tiga sami kaliyan ing wiwitaning surat 2; mirsanana angka 11. Déné *shâd* punika *shâdiq, ingkang temen*, terangipun: Allah Ingkang-Mahawikan, Ingkang boten naté mlèsèd piweca-piweca-Nipun (Tabrizi-AH), utawi *shâd* punika *afshâl*, jawinipun *Ingkang Paring Pancasan ingkang saé piyambak* (I'Ab, AH), utawi *shâd* punika *shabûr*, jawinipun *Ingkang Mahasabar*, inggih punika Ingkang paring inah dhateng para tiyang duraka saha Ingkang anégakaken kawula-Nipun ingkang tulus ing sawatawis wekdal nandhang panganiaya lan rekaos wonten ing tanganipun para duraka wau.

854. Tembung *haraj* punika déning tuwan Sale dipun jarwani *semang-semang*; punika lepat. Kateranganipun tuwan Arnold ingkang adhadhasar jarwan wau, bilih "pangarangipun Quran angedhengaken raos gojag-gajeg lan semang-semang ingkang tansah anélakaken apus kramanipun," punika inggih boten leres. *Haraj* punika tegesipun ingkang leres *rupek.* Ukara "*parenthetical*" (ukara seselan) ingkang mungel: *mulané aja nganti ana rupek ing dalem dhadha sira karana iku,* punika wigatos kanggé nglilipur Kanjeng Nabi, ingkang nalika wekdal samanten dipun mengsahi sanget sarta kinepang wakul binaya mangab ing sawarnining rekaos punapa déné ingkang nalika samanten saweg sakedhik angsal-angsalanipun anggèning mumulang andhatengaken ayahan ingkang kaampil. Ing Quran kathah pratélan-pratélan ingkang anedahaken bilih Kanjeng Nabi boten naté kagungan panggalih

حَرَجٌ مِّنْهُ لِتُنْذِرَ بِهٖ وَذِكْرٰى لِلْمُؤْمِنِيْنَ ۝٢

supaya iku sira anggoa amémélingi sarta (dadi) pépéling tumrap para angèstu.[855]

اِتَّبِعُوْا مَآ اُنْزِلَ اِلَيْكُمْ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَلَا
تَتَّبِعُوْا مِنْ دُوْنِهٖٓ اَوْلِيَاۤءَ ۗ قَلِيْلًا مَّا تَذَكَّرُوْنَ ۝٣

3 Padha manuta apa kang kadhawuhaké marang sira saka Pangéranira lan aja padha manut pangayoman-pangayoman saliyané Panjenengané; sathithik temen anggonira padha angélingi.

وَكَمْ مِّنْ قَرْيَةٍ اَهْلَكْنٰهَا فَجَاۤءَهَا بَأْسُنَا
بَيَاتًا اَوْ هُمْ قَاۤىِٕلُوْنَ ۝٤

4 Lan wus sapira kèhé kutha kang wus Ingsun rusak, lah pidana-Ningsun anggoné anekani ing wayah bengi utawa nalikané dhèwèké padha turu ing wayah awan.

فَمَا كَانَ دَعْوٰىهُمْ اِذْ جَاۤءَهُمْ بَأْسُنَآ
اِلَّآ اَنْ قَالُوْٓا اِنَّا كُنَّا ظٰلِمِيْنَ ۝٥

5 Lah ora liya panguwuhé, nalika pidana-Ningsun anekani dhèwèké, kajaba mung padha angucap: Sayekti aku iki wus padha atindak dudu.[856]

فَلَنَسْـَٔلَنَّ الَّذِيْنَ اُرْسِلَ اِلَيْهِمْ وَ
لَنَسْـَٔلَنَّ الْمُرْسَلِيْنَ ۝٦

6 Lah sayekti temen Ingsun nuli bakal andangu para kang padha karawuhan para utusan lan sayekti temen Ingsun bakal andangu para kang padha kautus;[857]

---

semang-semang dhateng kayektèning wahyunipun Pangéran tuwin badhé kamenanganipun. Nanging manawi panjenenganipun prihatos ngrudatosaken murih kawilujenganipun ruhani umatipun ingkang asikep angemohi, punika nyata, sarta ingkang makaten wau sampun samesthinipun.

855. Quran punika asring sanget kasebut *dhikr* utawi *dhikrâ*, jawinipun pèpènget, awit Quran makaten cocog lan kudrat tumitahipun manusa, dadosipun Quran punika dumunung angèngetaken punapa ingkang sampun cumithak wonten ing kudrat tumitahipun manusa. Utawi, *dhikrâ* ing ngriki ateges *dhikr*, jawinipun kaluhuran utawi kaagungan kados déné pangandika ing 43: 44: "Lan sayekti iki temen kaagungan tumrap marang sira sarta tumrap kaumira" (TA-LL), tuwin pangandika ing 38: 1: Waspadakna Quran, kang kadunungan kaluhuran" (S-LL).

856. Nalika bedhahipun nagari Makkah, para mengsahipun Kanjeng Nabi inggih sami angadhuh kados tetembungan punika. Ingkang makaten punika anedahaken bilih siksa ingkang kapangandikakaken ing Quran punika boten mesthi namung mengku teges siksa ing gesang sasampuning pejah kémawon, nanging malah kapara asring ugi mengku siksa ing gesang sapunika, ingkang menggah ing sajatos-jatosipun dados pratandha punapa ingkang badhé dipun sandhang déning para tiyang duraka wonten ing akhirat.

857. Umat ingkang karawuhan utusan badhé dipun dangu kados pundi garapipun dhateng para utusan wau, déné para utusan badhé dipun dangu kados pundi anggènipun nampèni umatipun dhateng panjenenganipun.

7 Lah sayekti temen Ingsun bakal anyaritani marang dhèwèké kalawan kawruh, lan Ingsun iki ora kasamaran.[858]

فَلَنَقُصَّنَّ عَلَيْهِم بِعِلْمٍ وَمَا كُنَّا غَائِبِينَ ﴿٧﴾

8 Lan panrajuné ing dina iku jejeg; lah sapa sing (panggawéné becik) abot timbangé – ya iki wong kang padha begja.[859]

وَالْوَزْنُ يَوْمَئِذٍ الْحَقُّ ۚ فَمَن ثَقُلَتْ مَوَازِينُهُ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ﴿٨﴾

9 Lan sapa sing (panggawéné becik) ènthèng timbangané, ya iki para kang jiwané padha kapitunan, amarga saka anggoné padha angafiri ing timbalan-timbalan-Ingsun.[860]

وَمَنْ خَفَّتْ مَوَازِينُهُ فَأُولَٰئِكَ الَّذِينَ خَسِرُوا أَنفُسَهُم بِمَا كَانُوا بِآيَاتِنَا يَظْلِمُونَ ﴿٩﴾

10 Lan sayekti temen Ingsun anetepaké sira ana ing bumi, sarta ing kono Ingsun andadèkaké panguripan tumrap ing sira; sathithik temen anggonira padha atur panuwun.

وَلَقَدْ مَكَّنَّاكُمْ فِي الْأَرْضِ وَجَعَلْنَا لَكُمْ فِيهَا مَعَايِشَ ۗ قَلِيلًا مَّا تَشْكُرُونَ ﴿١٠﴾

RUKU' 2

Lumawanipun Iblis dhateng Allah

11–13. Anggènipun iblis ngaken langkung saé. 14–18. Sedyanipun anggènipun badhé anasaraken manusa. 19–22. Sétan anjajaruhi katentremaning gesangipun manusa. 23–25. Piduwungipun manusa.

858. Allah Ingkang nguningani sadaya barang, badhé amedharaken dhateng para titiyang punika punapa ingkang sampun sami katindakaken. Tembungipun sanès: wohing pandamelipun badhé cumetha awewèntèhan.

859. Miturut Rgh, *wazn* punika ateges *ngilminipun nimbang barang*. Salajengipun panjenengan-ipun anerangaken pangandika Quran والوزن يومئذ الحق punika *anyasmitakaken bilih pancasan ingkang kadhawahaken dhateng manusa punika mesthi adil*. Mjd ngandikakaken bilih *wazn* ing ngriki ateges *qadlâ*, jawinipun *pancasan* (IJ). *Wazn* dipun tegesi *pancasan pangadilan* déning Mjd, Dk, A'masy tuwin sanès-sanèsipun, punika dipun turut déning para mufassirin ingkang kantun-kantun (Rz, AH).

860. *Dzulm*, punika manawi kadadosaken *fi'il muta'addi* (tembung kriya ingkang wonten lésanipun) sarana karaketan *ba*, gadhah teges *kufr*. Nalika nerangaken ظلموا بها ing ayat 103, LL nerangaken makaten: "Tembung punika ugi kadamel *muta'addi* (*transitive* = wonten lésanipun) sarana *ba*, kadosta ing ukara ingkang kasebut ing Quran (7: 103 lan 17: 59), awit tegesipun *kafarû*, jawinipun *padha kafir marang iku*, ingkang dipun kajengaken kafir dhateng timbalan-timbalan (M, TA). Anggènipun gadhah teges makaten punika tembung kriya wau, kalayan entar utawi kalayan mirid raosipun kémawon; utawi margi mengku teges *takdhib*."

a. 56
b. 57, 58

11 Lan sayekti temen Ingsun anitahaké sira, tumuli Ingsun amangun sira, banjur Ingsun angandika marang para malaikat: Padha sujuda marang Adam.[a] Mulané banjur padha sujud, kajaba Iblis;[b] dhèwèké iku ora kagolong para kang padha sujud.[861]

وَلَقَدْ خَلَقْنٰكُمْ ثُمَّ صَوَّرْنٰكُمْ ثُمَّ قُلْنَا
لِلْمَلٰٓئِكَةِ اسْجُدُوْا لِاٰدَمَ ۖ فَسَجَدُوْٓا اِلَّآ
اِبْلِيْسَ ۭ لَمْ يَكُنْ مِّنَ السّٰجِدِيْنَ ﴿۱۱﴾

12 Panjenengané angandika: Apa ta kang angalang-alangi sira, déné sira ora sujud nalikané aku maréntahi sira? Unjuké: Kula langkung saé tinimbang piyambakipun: Tuwan andadosaken kula saking latu, sarta Tuwan andadosaken piyambakipun saking lebu.[862]

قَالَ مَا مَنَعَكَ اَلَّا تَسْجُدَ اِذْ اَمَرْتُكَ ۭ
قَالَ اَنَا خَيْرٌ مِّنْهُ ۚ خَلَقْتَنِيْ مِنْ نَّارٍ
وَّخَلَقْتَهٗ مِنْ طِيْنٍ ﴿۱۲﴾

13 Panjenengané ngandika: Lah, lungaa saka ing (kaanan) kono amarga ora mungguh tumrapé sira, yèn ta gumedhéa ana ing kono, mulané metua; sayekti sira iku golongané kang padha asor.[863]

قَالَ فَاهْبِطْ مِنْهَا فَمَا يَكُوْنُ لَكَ اَنْ
تَتَكَبَّرَ فِيْهَا فَاخْرُجْ اِنَّكَ مِنَ الصّٰغِرِيْنَ ﴿۱۳﴾

---

861. Punapa ingkang kawarsitakaken ing ngriki tumrap Adam, punika inggih tumrap sadaya tiyang. Bab punika saged kacetha saking tetembungan ayat punika. Ing sakawit *manusa* katitahaken, lajeng kawangun, lajeng para malaikat kadhawuhan sujud dhateng Adam, ingkang manut panyuraos punika ateges manusa; wonten ing wiwitaning ayat, ayat punika sampun mangandikakaken manusa umurnipun: "Ingsun wus anitahaké *sira* banjur Ingsun amangun *sira*." Nitik pratélan punika tétéla manawi cariyos Adam punika cariyos gagambaran. Nanging punika boten teka lajeng ateges bilih Adam boten wonten.

862. Manusa katitahaken saking lebu punika asring kasebutaken wonten ing Quran Suci. Boten namung Adam piyambak ingkang katitahaken saking lebu, nanging sadaya manusa punika inggih kapangandikakaken katitahaken saking lebu (mirsanana 443). Minangka kosokwangsulipun anggèning manusa katitahaken saking lebu, sétan ngaken katitahaken saking latu. Saged ugi punika ateges bilih anasir ingkang menang piyambak wonten ing dalem tumitahing manusa punika siti, déné tumrapipun sétan, latu anasir ingkang menang piyambak. Ing ngriki saged ugi mengku sasmita ingkang nerangaken kawontenaning watak-wantunipun titah warni kalih wau, manusa lan sétan. Ing panggènan sanès Quran ngandika makaten: "Manusa iku dititahaké saka ing kesusu: saiki Ingsun bakal meruhaké tandha-tandha-Ningsun marang sira, mulané aja anggégé iku nyuwun marang Ingsun" (21: 37). Pangandika punika sampun terang suraosipun. Manusa katitahaken saking kasesa, punika mengku teges bilih manusa punika *remen kasesa*. Lah makaten ugi sétan katitahaken saking latu, punika inggih saged mengku teges bilih sétan punika kadamel awatek panas baranan, déné manusa ingkang sampurna andhap-asor lan ruruh, labet saking anggènipun katitahaken saking lebu, ingkang ateges andhap-asor tuwin ruruh. Dados gagambaran ing ngriki saged ateges anerangaken wawatekanipun titah warni kalih wau ingkang baku piyambak. Tumrap panyuraos makaten punika, pangandika punika mengku teges bilih ngemungaken watak panas baranan kémawon, ingkang boten purun manut miturut dhateng manusa sampurna utawi nabi ingkang tulus.

863. "Allah angasoraken tiyang ingkang gumedhé," punika mesthi dados pidana ingkang dhumawah dhateng para ingkang sami mengsahi nabi-nabinipun Pangéran.

Ar. *piyambakipun*

14 Unjuké: Mugi kula Tuwan paringi sumené dumugi ing dintenipun *titiyang* sami dipun tangèkaken.[864]

قَالَ أَنظِرْنِيٓ إِلَىٰ يَوْمِ يُبْعَثُونَ ﴿١٤﴾

15 Pangandikané: sayekti sira iku golongané kang padha pinaringan sumené.

قَالَ إِنَّكَ مِنَ ٱلْمُنظَرِينَ ﴿١٥﴾

Ut. *amancasi sasar*

16 Unjuké: Ing sarèhné Tuwan sampun *adamel cuwa* ing kula, saèstu kula badhé angadhang ambidhung piyambakipun ing margi Tuwan ingkang leres.[865]

قَالَ فَبِمَآ أَغْوَيْتَنِي لَأَقْعُدَنَّ لَهُمْ
صِرَٰطَكَ ٱلْمُسْتَقِيمَ ﴿١٦﴾

Ar. *manggih*

17 Tumunten saèstu kula badhé andhatengi piyambakipun saking ngajengipun sarta saking wingkingipun tuwin saking tengenipun punapa déné saking kiwanipun; saha Tuwan badhé *manoni* kathah-kathahipun sami boten atur panuwun.

ثُمَّ لَءَاتِيَنَّهُم مِّنۢ بَيْنِ أَيْدِيهِمْ وَمِنْ
خَلْفِهِمْ وَعَنْ أَيْمَٰنِهِمْ وَعَن شَمَآئِلِهِمْ ۖ
وَلَا تَجِدُ أَكْثَرَهُمْ شَٰكِرِينَ ﴿١٧﴾

18 Pangandikané: Metua saka ing (kaanan) kono, cinacad, tinundhung; temen sapa-sapa dhèwèké sing manut sira, sayekti Aku bakal angisèni jahanam kalawan sira kabèh.

قَالَ ٱخْرُجْ مِنْهَا مَذْءُومًا مَّدْحُورًا ۖ
لَّمَن تَبِعَكَ مِنْهُمْ لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ
مِنكُمْ أَجْمَعِينَ ﴿١٨﴾

864. Sadangunipun manusa dèrèng saged gesang malih ruhaninipun, sétan lastantun angregem. Katangèkaken ing ngriki ateges tanginipun malih ruhaninipun manusa.

865. *Agwâ-hu* (saking tembung *gawâ* jawinipun *kesasar*) punika limrahipun ateges *nasaraké dhèwèké;* nanging kala-kala inggih sok ateges *midana saking sasar*; kadosta ان كان الله يريد ان يغويكم punika dipun tegesi *manawa Allah ngarsakaké midana sira marga sira kesasar* (TA-LL), utawi manawi miturut TA ateges jawinipun *Panjenengané amancasi ing sira marga anggonira kesasar* (LL klèntu anggènipun anjarwani ukara punika, inggih punika dipun jarwani *masthi ing sira bakal kesasar*), utawi miturut Rz ateges *Panjenengané nyirnakaké sira.* Nanging *gawâ* (manawi kadadosaken tembung kriya ingkang wonten lésanipun mungel *agwâ*) punika ugi ateges *shâba* (TA-LA), jawinipun *dhèwèké kecuwan* utawi *dhèwèké tuna, ora bisa anggayuh kang dikarepaké*, sarta ugi ateges فسد عليه عيشه (LA) jawinipun *uripé dadi ala tumrap dhèwèké* (teges ingkang leres piyambak tumrap tembung gawâ ing 20: 121). Dados wonten ing ayat punika ateges Paduka sampun (uwis) andadosaken gesang kawula dados awon tumrap kawula, utawi Paduka sampun (uwis) andadosaken kawula tansah kacuwan.

19 Lan (Ingsun angandika): É, Adam! manggona, sira karo jodho-
a. 60 nira, ing taman;[a] lah sakaloron padha mangana endi ing sakarepira, ananging aja anyedhaki wit iki, mundhak sira sakaloron dadi golongané para kang atindak dudu.

وَيَٰٓـَٔادَمُ ٱسْكُنْ أَنتَ وَزَوْجُكَ ٱلْجَنَّةَ
فَكُلَا مِنْ حَيْثُ شِئْتُمَا وَلَا تَقْرَبَا هَٰذِهِ
ٱلشَّجَرَةَ فَتَكُونَا مِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ١٩

20 Tumuli sétan ambubujuk marang sakaroné, pamrihé dhèwèké arep ambukak ing sakaroné apa kang mauné winadi ing sakaroné kang arupa krenteg ala,[866] lan dhèwèké calathu: Pangéranmu anggoné anglarangi kowé sakaloron ing wit iki ora liya kajaba mundhak kowé sakaloron dadi malaikat sakaroné utawa mundhak kowé sakaloron dadi golongané para kang luput saka ing pati.

فَوَسْوَسَ لَهُمَا ٱلشَّيْطَٰنُ لِيُبْدِيَ لَهُمَا
مَا وُۥرِيَ عَنْهُمَا مِن سَوْءَٰتِهِمَا وَقَالَ مَا
نَهَىٰكُمَا رَبُّكُمَا عَنْ هَٰذِهِ ٱلشَّجَرَةِ إِلَّآ
أَن تَكُونَا مَلَكَيْنِ أَوْ تَكُونَا مِنَ ٱلْخَٰلِدِينَ ٢٠

21 Lan dhèwèké asumpah marang sakaroné: Sayekti aku iki, tumrapé kowé sakaloron, sawijining juru-pitutur kang tuhu-tuhu.

وَقَاسَمَهُمَآ إِنِّى لَكُمَا لَمِنَ ٱلنَّٰصِحِينَ ٢١

22 Tumuli dhèwèké anibakaké sakaroné kalawan apus; lah bareng sakaroné wus angrasakaké wit iku, krentegé ala cumetha tumrap sakaroné, sarta sakaroné banjur wiwit anutupi awaké kalawan gogodhonganing taman;[867] sarta Pangérané

فَدَلَّىٰهُمَا بِغُرُورٍ ۚ فَلَمَّا ذَاقَا ٱلشَّجَرَةَ بَدَتْ
لَهُمَا سَوْءَٰتُهُمَا وَطَفِقَا يَخْصِفَانِ عَلَيْهِمَا
مِن وَرَقِ ٱلْجَنَّةِ ۖ وَنَادَىٰهُمَا رَبُّهُمَآ

866. *Sau-at* tegesipun *wiwirang* utawi *péranganing badan ingkang kedah dipun tutupi*, lan ugi ateges *wicanten* utawi *pandamel ingkang murugaken kewirangan samangsa kawiyak ing ngakathah*, utawi *kalakuan*, *wawatekan*, *pangadatan* utawi *tindak ingkang awon*, *saru* utawi *boten pantes* (TA-LL). Bubujukipun sétan punika mesthi mahanani ing tiyang kawiyak kawiranganipun.

867. Raos-rumaos manawi sampun anindakaken pandamel ingkang boten pantes, punika margi ingkang prayogi piyambak kanggé anggayuh kasampurnan. Nutupi kaliyan ron-roning taman, punika pambudidayanipun manusa ingkang kepéngin ngleresaken kalepatan-kalepatan ingkang sampun kelajeng katindakaken. Panganggé ingkang angreksa saking awon, ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat 26 bilih punika *panganggé ingkang saé piyambak*, punika saged anggenahaken maksudipun *tutup* ing ngriki. Wahyuning Pangéran punika nuntun ing manusa dhateng margi ingkang leres, ingkang nyagedaken manusa *anutupi awakipun* utawi angreksa awakipun saking awon. Salajengipun, pratélan ing ayat 27, *angrucat sandhangané sakaroné, pamrihé dhèwèké arep ambukak krentegé sakaroné kang ala*, punika anedahaken bilih nutupi kalayan ron-roning taman punika pratélan gagambaran

anguwuh sakaroné: Apa Aku ora wus anglarangi sira sakaloron ing wit iki lan apa Aku ora wus angandika marang sira sakaloron, yèn sétan iku sayekti mungsuhira kang tétéla?

أَلَمْ أَنْهَكُمَا عَنْ تِلْكُمَا الشَّجَرَةِ وَأَقُلْ لَكُمَا إِنَّ الشَّيْطٰنَ لَكُمَا عَدُوٌّ مُّبِيْنٌ ﴿٢٢﴾

23 Sakaroné padha munjuk: Pangéran kawula! Kawula sampun sami anganiaya jiwa kawula piyambak, lan manawi Tuwan boten angapunten ing kawula sarta (boten) amelasi kawula, saèstu kawula badhé dados éwonipun ingkang sami kapitunan.

قَالَا رَبَّنَا ظَلَمْنَآ أَنْفُسَنَا ٚ وَإِنْ لَّمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُوْنَنَّ مِنَ الْخٰسِرِيْنَ ﴿٢٣﴾

24 Pangandikané: Padha lungaa, sawenèhira mungsuh ing sawenèhé, lan ana ing bumi sira padha olèh papan sarta pasadhiyan nganti sawatara mangsa.

قَالَ اهْبِطُوْا بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ ۚ وَلَكُمْ فِي الْأَرْضِ مُسْتَقَرٌّ وَّمَتَاعٌ إِلٰى حِيْنٍ ﴿٢٤﴾

25 Pangandikané: Ana ing kono uripira lan ana ing kono bakal matinira lan saka ing kono anggonira bakal padha diwetokaké.[868]

قَالَ فِيْهَا تَحْيَوْنَ وَفِيْهَا تَمُوْتُوْنَ وَمِنْهَا تُخْرَجُوْنَ ﴿٢٥﴾

RUKU' 3

Pèpènget lumawan bujuking sétan

26, 27. Manusa dipun pèpèngeti. 28–31. Kautaman sarta dugi-dugi lan watawes dipun paréntahaken.

26 É, turuning Adam! temen Ingsun wus anurunaké sandhangan marang sira, kanggo nutupi wawadinira sarta (sandhangan) minangka papaès;[869] lan sandhangan *panang-gulanging ala*, iki kang luwih

Ut. *bakti*

يٰبَنِيْٓ اٰدَمَ قَدْ أَنْزَلْنَا عَلَيْكُمْ لِبَاسًا يُّوَارِيْ سَوْاٰتِكُمْ وَرِيْشًا ۗ وَلِبَاسُ التَّقْوٰى ۙ ذٰلِكَ خَيْرٌ ۗ

(mirsanana 871). Quran boten anglirwakakaken paring tuntunan ing bab kabetahanipun jasmani para manusa, nanging dalasan ing ngriku ugi meksa mengku sedya angluhuraken ruhaninipun manusa.

868. Ayat punika ambuktèkaken kalayan ceplos, bilih saben tiyang punika gesang lan pejahipun mesthi wonten ing bumi punika. Cariyos bilih Kanjeng Nabi ‘Isa kaangkat dhateng langit, sugeng wonten ngrika, punika cengkah kaliyan ayat punika, milanipun kedah katulak.

869. *Rîsy* punika asalipun ateges *elar* utawi *wulu*, minangka dados panganggé lan papaès tumrap *peksi* (TA-LL). Lajeng dipun anggé kanggé anembungaken *panganggé ingkang dipun anggé papaès* (Rz), utawi *panganggé adèn-adèn* (LL), utawi *papaès* lan *kaéndahan* (A, TA-LL).

ذَٰلِكَ مِنْ آيَاتِ اللَّهِ لَعَلَّهُمْ يَذَّكَّرُونَ ﴿٢٦﴾

becik.[870] Iki kalebu timbalan-timbalaning Allah, supaya dhèwèké padha angalap éling.

يَا بَنِي آدَمَ لَا يَفْتِنَنَّكُمُ الشَّيْطَانُ كَمَا أَخْرَجَ أَبَوَيْكُم مِّنَ الْجَنَّةِ يَنزِعُ عَنْهُمَا لِبَاسَهُمَا لِيُرِيَهُمَا سَوْآتِهِمَا ۗ إِنَّهُ يَرَاكُمْ هُوَ وَقَبِيلُهُ مِنْ حَيْثُ لَا تَرَوْنَهُمْ ۗ إِنَّا جَعَلْنَا الشَّيَاطِينَ أَوْلِيَاءَ لِلَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٢٧﴾

27 É, turuning Adam! Aja nganti sétan pitenahé angenani sira, kaya anggoné dhèwèké ngetokaké wong tuwanira saka patamanan, angrucat sandhangané sakaroné,[871] pamrihé dhèwèké arep mbukak krentegé sakaroné kang ala. Sayekti dhèwèké iku angingeti sira, dhèwèké sakulawangsané, saka ing ngendi (baé kang) sira ora bisa angingeti dhèwèké. Sayekti Ingsun andadèkaké para sétan dadi pangayoman tumrapé para kang padha ora angèstu.[872]

وَإِذَا فَعَلُوا فَاحِشَةً قَالُوا وَجَدْنَا عَلَيْهَا آبَاءَنَا وَاللَّهُ أَمَرَنَا بِهَا ۗ قُلْ إِنَّ اللَّهَ لَا يَأْمُرُ بِالْفَحْشَاءِ ۖ أَتَقُولُونَ عَلَى اللَّهِ مَا

28 Lan nalikané padha anglakoni panggawé nistha padha acalathu: Aku padha *nemu* bapak-bapakku padha nglakoni iki lan iku Allah iya maréntahaké marang aku. Calathua: Sayekti Allah ora amaréntahaké panggawé nistha; apa ta kowé padha angucap kang

Ut. *menangi (manoni)*

870. Ing sakawit pananggé punika namung kanggé nutupi wiwirang; saya majeng manusa lajeng remen mamaès raganipun. Nanging miturut sabdanipun Quran wonten pananggé ingkang angka tiga, sarta ingkang saé piyambak, inggih punika *libâsu-t-taqwâ*, jawinipun *pananggé bekti ing Allah*, wantahipun: *pananggé ingkang angreksa saking awon*. Punika anedahaken tataran lajengipun malih tumrap kamajenganipun manusa. Terangipun: katulusan punika papaèsing manah; lah, manawi manusa mangertos perlunipun mamaèsi raganipun mesthinipun manusa inggih lajeng tumunten mangertos sapinten agenging perlunipun mamaèsi manahipun.

871. Sanès pananggéning raga ingkang dipun karsakaken ing ngriki, tandhanipun sadaya tiyang inggih dipun paringi pèpènget sampun ngantos sami katempuh ing sétan kados makaten wau. Bab prakawis kados punapa pananggénipun Adam ingkang dipun rucat punika, saged cetha manawi angèngeti bilih pun sétan inggih arékadaya badhé ngrucat pananggé saminipun pananggénipun Adam ingkang dipun anggé déning sadaya tedhak turunipun Adam. Sawenèh mufassir nerangaken manawi pananggé wau awujud *cahya*, sawenèh malih nerangaken *bekti ing Pangéran*, inggih punika katranganipun Mjd (IJ). AH nyebutaken:

قال المجاهد هو لباس التقوى وسواتهما ما يسوءهما من المعصيه

jawinipun: *Mujahid ngandika: panganggo mau panganggo kang angreksa saka ala déné sau'até sakaloron mau yaiku ala kang tumiba marang dhèwèké sakaloron marga saka anggoné andaga.*

872. Margi manusa boten purun angèstu ing yakti, sétan lajeng kadadosaken kakawalipun. Sinten ingkang medhot sasambetan kaliyan tuking kasucèn, boten kénging boten mesthi dhumawah ing jejember.

لَا تَعْلَمُونَ ﴿٢٨﴾

amitunani Allah, barang kang kowé padha ora weruh?[873]

قُلْ أَمَرَ رَبِّي بِالْقِسْطِ ۖ وَأَقِيمُوا وُجُوهَكُمْ عِنْدَ كُلِّ مَسْجِدٍ وَادْعُوهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ ۚ كَمَا بَدَأَكُمْ تَعُودُونَ ﴿٢٩﴾

29 Calathua: Pangéranku wus maréntahaké adil.[874] lan padha anjejegna adhepira ing saben-saben *wayahé* salat sarta padha anguwuha Panjenengané, kalawan tulus ing pambangunturut ing Panjenengané; kaya anggoné Panjenengané andadèkaké sira ing wiwitan, iya mangkono uga anggonira bakal padha bali.[875]

Ut. *papané*

فَرِيقًا هَدَىٰ وَفَرِيقًا حَقَّ عَلَيْهِمُ الضَّلَالَةُ ۗ إِنَّهُمُ اتَّخَذُوا الشَّيَاطِينَ أَوْلِيَاءَ مِنْ دُونِ اللَّهِ وَيَحْسَبُونَ أَنَّهُمْ مُهْتَدُونَ ﴿٣٠﴾

30 Panjenengané wus nuntun kang sapantha, déné kang sapantha (liyané) *karusakan* iku wis beneré tetep ingatasé dhèwèké;[876] sayekti dhèwèké padha ngalap para sétan minangka pangayoman saliyané Allah, sarta padha ngira yèn awaké iku kang padha ngambah dadalan kang bener.

Ut. *sasar*

873. Para mufassir sawatawis amastani bilih ingkang dipun karsakaken lampah nistha ing ngriki sami ngubengi Ka'bah kalayan wudha (Mjd-IJ). Nanging pratélan punika umum, boten perlu kawatesan.

874. Tembung *qisth* punika warni-warni tiyang anggènipun negesi. Kadosta dipun tegesi *Kasawijènipun Pangéran*; *sadhéngah barang saé lan leres*; *yakti* (Rz, AH). Menggah ing sajatos-jatosipun teges wau sadaya sampun kacakup wonten ing tegesipun tembung *qisth* ingkang wantah, inggih punika *jejeg* utawi *adil* ingkang mengku raos ingkang wiyar.

875. Suraosipun: sira bakal urip ing sawusé mati ruhaninira, utawi: sira bakal padha bali marang Allah ing urip sawisé mati (akhirat). Utawi suraosipun punika kados déné ingkang katerangaken wonten ing ayat candhakipun, inggih punika: para ingkang sami atindak saé badhé wangsul dhateng gesang ingkang saé, déné para ingkang atindak awon inggih badhé wangsul dhateng gesang ingkang awon.

876. حق عليه كذا tegesipun *wajaba* utawi *tsabata* (TA). Miturut LL ing ukara ingkang kados makaten punika amengku teges *satunggaling barang dados perlu sanget margi sampun mantesi kaliyan kajenging kaadilan tumrap ing prakawis wau.* Déné tembung *dlalâlah* punika kala-kala sok ateges عقوبة الضلالة jawinipun *pidananing sasar* (Rgh), utawi *karisakan* (S, Q-LL). Dados salah satunggaling tegesipun حق عليهم الضلالة punika *karusakan wus mungguh dadi bubuhané.* Manawi tegesipun tembung *dlalalah* ingkang limrah ingkang dipun anggé, tetembungan wau lajeng mengku suraos bilih *kesasar* utawi *dumunung ing sasar* punika sampun amantesi kaliyan kaadilan tumrap titiyang wau, awit punika buntuting barang ingkang sampun katindakaken. Menggah ing sajatos-jatosipun suraosing pangandika punika sampun terang: *Sasar punika sampun mungguh dados bebahanipun para titiyang wau sami nganggé pangayoman sétan*, sarta sintena kémawon ingkang lastantun manut sétan, boten kénging boten mesthi dumunung ing sasar.

Ut. *papané*

31 É, para turuning Adam! padha angalapa papaèsira ing saben-saben *wayahé* salat, sarta padha mangana tuwin ngombéa lan aja padha keladuk; sayekti Panjenengané ora remen marang para kang padha keladuk.[877]

يَٰبَنِيٓ ءَادَمَ خُذُواْ زِينَتَكُمۡ عِندَ كُلِّ
مَسۡجِدٖ وَكُلُواْ وَٱشۡرَبُواْ وَلَا تُسۡرِفُوٓاْۚ
إِنَّهُۥ لَا يُحِبُّ ٱلۡمُسۡرِفِينَ ٣١

RUKU' 4

Rawuhipun para utusan lan anggènipun sami dipun emohi

32–35. Para utusan rawuh perlu dandos-dandos. 36–39. Pandumipun para ingkang angemohi ing Panjenenganipun.

32 Calathua: Sapa ta sing anglarangi papaèsing Allah,[878] kang wus diwetokaké tumrap para kawula-Né sarta rezeki kang apik-apik? Calathua: Iku tumrap para kang padha angèstu ana ing kauripan donya iki, mligi (bagéané) ana ing dina kiyamat, kaya mangkono anggon-Ingsun amijang-mijangaké timbalan-timbalan iku tumrap wong kang padha weruh.[879]

قُلۡ مَنۡ حَرَّمَ زِينَةَ ٱللَّهِ ٱلَّتِيٓ أَخۡرَجَ
لِعِبَادِهِۦ وَٱلطَّيِّبَٰتِ مِنَ ٱلرِّزۡقِۚ قُلۡ هِيَ
لِلَّذِينَ ءَامَنُواْ فِي ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَا خَالِصَةٗ
يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِۗ كَذَٰلِكَ نُفَصِّلُ ٱلۡأٓيَٰتِ
لِقَوۡمٖ يَعۡلَمُونَ ٣٢

33 Calathua: Pangéranku mung anglarangi panggawé-panggawé nistha, kang wujudé cumetha lan kang sumamar, apa déné dosa lan pamirong kalawan ora bener, tuwin (anglarangi) yèn ta sira padha anjèjèrna sisihan kalawan Allah, barang kang ing kono Panjene-

قُلۡ إِنَّمَا حَرَّمَ رَبِّيَ ٱلۡفَوَٰحِشَ مَا ظَهَرَ
مِنۡهَا وَمَا بَطَنَ وَٱلۡإِثۡمَ وَٱلۡبَغۡيَ بِغَيۡرِ
ٱلۡحَقِّ وَأَن تُشۡرِكُواْ بِٱللَّهِ مَا لَمۡ يُنَزِّلۡ

877. *Zinah* utawi *papaès* ing ngriki punika limrahipun dipun suraos *panganggé,* gagayutan kaliyan adat tata-cara ngubengi Ka'bah kalayan wuda. Nanging tembung wau mengku suraos ingkang langkung jembar. Rgh nerangaken: *Jatos-jatosing papaès punika barang ingkang murugaken tiyang boten nandhang wirang, inggih ing donya, inggih ing akhirat.* Panjenenganipun ugi nerangaken bilih papaès punika wonten warni tiga, *papaès ruhani*, kadosta ing ngilmi lan pangandel ingkang saé; *papaèsing badan wadhag* kadosta kakiyatan lan dedeg pangadeg ageng inggil; *papaès bangsa njawi* kadosta bandha lan kawibawan. Awit saking punika papaès ing ngriki kénging kasuraos mengku papaès warni kalih, papaès ruhani lan papaès bangsa njawi, wujudipun inggih punika *katulusan* lan *panganggé.*

878. Papaèsing Allah punika papaès ingkang dipun keparengaken déning Allah dipun anggé ing manusa (Rz).

879. Suraosipun: ing gesang wonten donya punika tiyang angèstu lan tiyang kafir sami déné saged pikantuk barang-barang saé, nanging ing gesang sasampunipun pejah, sadaya ingkang saé namung mligi badhé kadarbé para ingkang sami nampèni piwulang ingkang leres lan anindakaken punika.

ngané ora anurunaké wewenang, sarta (anglarangi) yèn ta sira padha angucap kang amitunani Allah, barang kang kowé ora weruh.

بِهِۦ سُلْطَٰنًا وَأَن تَقُولُوا۟ عَلَى ٱللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٣٣﴾

34 Lan tumrap siji-sijining umat iku ana semayaning mangsané,[880] mulané samangsa semayaning mangsané wis tumeka, *sadhéla*[881] baé ora bakal mundur lan ora bakal maju.[882]

Lugunipun: *saejam*

وَلِكُلِّ أُمَّةٍ أَجَلٌ ۖ فَإِذَا جَآءَ أَجَلُهُمْ لَا يَسْتَـْٔخِرُونَ سَاعَةً ۖ وَلَا يَسْتَقْدِمُونَ ﴿٣٤﴾

35 É, para turuning Adam! manawa ana utusan-utusan saka antaranira anekani sira, anyari-takaké timbalan-timbalan-Ingsun marang sira, lah, sapa sing anjaga awaké (saka ing ala) sarta atindak becik, iya ora bakal padha kataman wedi sarta ora bakal padha susah.

يَٰبَنِىٓ ءَادَمَ إِمَّا يَأْتِيَنَّكُمْ رُسُلٌ مِّنكُمْ يَقُصُّونَ عَلَيْكُمْ ءَايَٰتِى ۙ فَمَنِ ٱتَّقَىٰ وَأَصْلَحَ فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٣٥﴾

36 Wondéné para kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun sarta padha gume-dhé maléngos saka ing kono, iki para wonging geni, bakal padha manggon ana ing kono.

وَٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا وَٱسْتَكْبَرُوا۟ عَنْهَآ أُو۟لَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿٣٦﴾

37 Lah sapa ta kang luwih atindak dudu tinimbang wong kang agawé-gawé goroh ditibak-aké marang Allah utawa anggoroh-aké marang timbalan-timbalan-É? Iki pandumé Kitab bakal tumeka dhèwèké,[883] nganti samangsa para utusan-Ingsun anekani dhèwèké

فَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ ٱفْتَرَىٰ عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ بِـَٔايَٰتِهِۦٓ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ يَنَالُهُمْ نَصِيبُهُم مِّنَ ٱلْكِتَٰبِ ۖ حَتَّىٰٓ إِذَا جَآءَتْهُمْ رُسُلُنَا

880. Ajaling umat, punika wekdal nalika umat wau kalebur utawi kapidana margi saking pandamelipun ingkang awon. Menggah ing sajatos-jatosipun ayat punika mangandikakaken badhé leburipun titiyang Makkah kalayan tetembungan ingkang mengku suraos umum.

881. Sa'ah tegesipun wanci sajam, "nanging déning bangsa Arab dipun anggé kalayan mengku teges wekdal; wanci sakedhap; wanci (sakedhap) ingkang boten kawatesan; sakedhap (Msb); tuwin sapérangan alit saking dalu lan raina" (LL).

882. Terangipun, para titiyang wau boten badhé saged oncat ngantos dumugining wanci dhumawahing pidana ingkang sampun tinamtu tumrap piyambakipun.

883. Terangipun, pidana ingkang kajanjèkaken wonten ing dalem kitab badhé andhawahi piyambakipun. Wekasaning ayat ngiyataken panyuraos punika.

arep agawé patiné padha calathu: Endi ta barang saliyané Allah kang adaté padha sira uwuh-uwuh? Bakal padha acalathu: Sami ical angoncati kawula; sarta dhèwèké bakal padha aneksèni marang awaké dhéwé, yèn dhèwèké iku para wong kafir.

يَتَوَفَّوْنَهُمْ قَالُوٓا أَيْنَ مَا كُنتُمْ تَدْعُونَ
مِن دُونِ اللَّهِ قَالُوا ضَلُّوا عَنَّا وَشَهِدُوا
عَلَىٰٓ أَنفُسِهِمْ أَنَّهُمْ كَانُوا كَٰفِرِينَ ﴿٣٧﴾

38 Panjenenganė angandika: Padha malebua ing geni gumolong para umat kang wus kaliwat ing sadurungira, yaiki jin lan para manusa; saben-saben umat sawiji malebu, saduluré ambendoni,[884] nganti nalikané wis padha tumeka ing jeroné kabèh, kang kèri angunjukaké kang dhingin.[885] Pangéran kawula! Punika sami anasaraken kawula; milanipun mugi Tuwan amaringi siksa latu atitikelan dhateng piyambakipun. Pangandikané: Siji-sijiné bakal oléh tikel, ananging kowé ora padha weruh.[886]

قَالَ ادْخُلُوا فِىٓ أُمَمٍ قَدْ خَلَتْ مِن
قَبْلِكُم مِّنَ الْجِنِّ وَالْإِنسِ فِى النَّارِ كُلَّمَا
دَخَلَتْ أُمَّةٌ لَّعَنَتْ أُخْتَهَا حَتَّىٰٓ إِذَا ادَّارَكُوا
فِيهَا جَمِيعًا قَالَتْ أُخْرَىٰهُمْ لِأُولَىٰهُمْ رَبَّنَا
هَٰٓؤُلَآءِ أَضَلُّونَا فَـَٔاتِهِمْ عَذَابًا ضِعْفًا مِّنَ النَّارِ
قَالَ لِكُلٍّ ضِعْفٌ وَلَٰكِن لَّا تَعْلَمُونَ ﴿٣٨﴾

39 Lan kang dhingin acalathu marang kang kari: *Kowé ora luwih becik sathithik-thithika tinimbang aku,* mulané padha angrasakna siksané, amarga saka barang kang wis padha *kolakoni*.

Ar. *lah kowé menang ingatasé aku*

Ar. *kopa-kolih*

وَقَالَتْ أُولَىٰهُمْ لِأُخْرَىٰهُمْ فَمَا كَانَ لَكُمْ
عَلَيْنَا مِن فَضْلٍ فَذُوقُوا الْعَذَابَ بِمَا
كُنتُمْ تَكْسِبُونَ ﴿٣٩﴾

884. Sadhèrèking umat punika tegesipun umat ingkang nunggil pangandel.

885. "Kang kari" lan "kang dhisik" ing ngriki tegesipun tiyang limrah lan para panutun. Leres, tembung wau kénging dipun suraos warni kalih, ingkang kantun lan ingkang rumiyin menggah ing wanci utawi ingkang kantun lan ingkang rumiyin menggah ing kalenggahanipun (Rz), nanging teges ingkang angka kalih wau angsal pasaksèn saking tetembungan saminipun punika ingkang kasebut wonten ing panggènan sanès-sanèsipun, kadosta ing 2: 166, 14: 21, 34: 31-33, 40: 47, tuwin sapanunggilanipun.

886. Tiyang limrah kepéngin para panuntun sami angsala siksa tikel kalih, inggih punika dumunung siksa dosanipun piyambak lan siksaning anggènipun sampun nasaraken tiyang sanès. Para titiyang wau sami kapangandikan, manawi pun panuntun dosa margi nasaraken piyambakipun, lah piyambakipun piyambak inggih pantes angsal siksa tikel kalih, margi saking anggènipun sami manut miturut dhateng para panuntunipun kalayan mutatuli.

RUKU' 5

Para ingkang sami anampèni kautusipun

40, 41. Konten-kontening langit mineb tumrap titiyang awon. 42–45. Para titiyang tulus. 46, 47. Para ingkang sami manggèn ing papan ingkang luhur.

40 Sayekti, para kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun sarta padha gumedhé maléngos saka ing kono, lawang-lawangé langit ora bakal diwengakaké tumrap dhèwèké, lan ora bakal padha malebu ing taman nganti unta malebu ing bolonganing dom; lan kaya mangkono iku anggon-Ingsun males para wong duraka.[887]

إِنَّ الَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا وَاسْتَكْبَرُوا
عَنْهَا لَا تُفَتَّحُ لَهُمْ أَبْوَابُ السَّمَاءِ وَلَا
يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ حَتَّىٰ يَلِجَ الْجَمَلُ فِي
سَمِّ الْخِيَاطِ ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُجْرِمِينَ ﴿٤٠﴾

41 Dhèwèké bakal padha olèh paturon geni naraka sarta tutup(-é) saka ing sadhuwuré dhèwèké; lan kaya mangkono iku anggon-Ingsun males para kang atindak dudu.

لَهُمْ مِنْ جَهَنَّمَ مِهَادٌ وَمِنْ فَوْقِهِمْ
غَوَاشٍ ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِي الظَّالِمِينَ ﴿٤١﴾

42 Wondéné para kang padha angèstu sarta alaku becik – Ingsun ora amomoti sawijining jiwa, kajaba sakuwawané – iku wonging patamanan; padha manggon ana ing kono.

وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَا نُكَلِّفُ
نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَنَّةِ ۖ
هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿٤٢﴾

43 Lan Ingsun angilangi sabarang pangigit-igit kang ana ing sajroning dhadhané; kali-kaliné padha mili sangisoré dhèwèké, sarta padha calathu: Sadaya pangalembana kagunganipun Allah, Ingkang sampun anuntun kawula dhateng (kawontenan) punika, saha boten badhé kawula angambah margi

وَنَزَعْنَا مَا فِي صُدُورِهِمْ مِنْ غِلٍّ تَجْرِي
مِنْ تَحْتِهِمُ الْأَنْهَارُ ۖ وَقَالُوا الْحَمْدُ لِلَّهِ
الَّذِي هَدَانَا لِهَٰذَا وَمَا كُنَّا لِنَهْتَدِيَ لَوْ

887. Terangipun para titiyang wau boten saged lumebet dhateng karatoning suwarga, boten saged sumengka manginggil uwal saking pépénginanipun ingkang asor tur ingkang kelèt kumanthil-kanthil ing siti, lan inggih boten saged piyambakipun sumengka ing luhur dhateng laladaning gesang ruhani ingkang inggil.

لَآ أَنْ هَدٰنَا اللّٰهُ ۚ لَقَدْ جَآءَتْ رُسُلُ
رَبِّنَا بِالْحَقِّ ۗ وَ نُوْدُوْٓا أَنْ تِلْكُمُ الْجَنَّةُ
أُوْرِثْتُمُوْهَا بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ﴿٤٣﴾

punika manawi ta Allah botena anuntun kawula; saèstu sampun rawuh para utusanipun Pangéran kawula ambekta yakti. Lan bakal diuwuhaké marang dhèwèké, yèn iku patamanan, kang diwarisaké marang sira, amarga saka barang kang wus padha sira lakoni.

وَ نَادٰٓى أَصْحٰبُ الْجَنَّةِ أَصْحٰبَ النَّارِ أَنْ
قَدْ وَجَدْنَا مَا وَعَدَنَا رَبُّنَا حَقًّا فَهَلْ
وَجَدْتُّمْ مَّا وَعَدَ رَبُّكُمْ حَقًّا ۖ قَالُوْا نَعَمْ ۚ
فَأَذَّنَ مُؤَذِّنٌۢ بَيْنَهُمْ أَنْ لَّعْنَةُ اللّٰهِ
عَلَى الظّٰلِمِيْنَ ﴿٤٤﴾

44 Wong-wonging patamanan bakal padha anguwuh wong-wonging geni: Sayekti, apa saguhé Pangéranku marang aku, aku wis nemu nyata; lah apa kowé iya padha nemu nyata apa saguhé Pangéranmu? Calathuné: Iya. Tumuli antarané dhèwèké ana juru-nguwuh anguwuh-uwuh, yèn wewelaking Allah tumiba marang para kang atindak dudu.

Ut. *malangi wong-wong*

الَّذِيْنَ يَصُدُّوْنَ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَيَبْغُوْنَهَا
عِوَجًا ۚ وَ هُمْ بِالْاٰخِرَةِ كٰفِرُوْنَ ﴿٤٥﴾

45 Yaiku kang padha *angèng-gokaké awaké* saka dadalaning Allah, lan padha mamrih iku bèngkonga, lan dhèwèké iku para wong kafir marang akhirat.[888]

وَبَيْنَهُمَا حِجَابٌ ۚ وَ عَلَى الْأَعْرَافِ رِجَالٌ
يَّعْرِفُوْنَ كُلًّاۢ بِسِيْمٰىهُمْ ۚ وَ نَادَوْا أَصْحٰبَ

46 Lan saantarané sakaroné ana aling-alingé;[889] lan ing panggonan-panggonan kang luhur[890] ana wongé kang padha weruh marang sakabèhé déning tetengeré; lan padha anguwuh-uwuh marang wong-

888. Mamrih bèngkonging marginipun Allah punika maksudipun adamel semang-semang ing atasipun yakti (Rz).

889. Aling-aling ingkang wonten ing ngriki amisahaken antawisipun tiyang duraka kaliyan tiyang tulus, ingkang margi saking punika para duraka sami boten saged nyumerepi nugraha ingkang dipun raosaken déning para tulus, wonten ing gesang ing bénjing badhé maujud kalayan wewentèhan.

890. *A'râf* punika *jama'*-ipun *'arf*, jawinipun wantah *papan ingkang inggil*, dados *Al-a'râf* punika ateges *papan ingkang inggil-inggil. A'râf* punika punapa, kathah rembagipun. Para mufassirin ingkang kathah-kathah amastani manawi *a'râf* punika inggih *hijâb* utawi *aling-aling* ingkang kapangandikak-aken wonten ing ayat nginggilipun, utawi *sûr – pager* ingkang kapangandikakaken wonten ing 57: 13. Mufassirin sanèsipun, kasebut ugi Hasan lan Zj, anggadhahi paham bilih tembung على الاعراف punika sami kaliyan tetembungan على معرفة اهل الجنة والنار jawinipun *nyumurupi kang dudunung ana ing suwarga lan kang dudunung ana ing naraka* (Rz). Kula sampun naté nerangaken

wonging patamanan: Rahayu muga tetepa ing sira; durung bakal padha malebu mrono, sanajan padha angajap-ajapa.[891]

الْجَنَّةِ أَنْ سَلٰمٌ عَلَيْكُمْ لَمْ يَدْخُلُوهَا وَهُمْ يَطْمَعُونَ ﴿٤٦﴾

47 Lan samangsa pandelengé diènggokaké marang peneré wong-wonging geni, padha munjuk: Pangéran kawula, mugi kawula sampun Tuwan dadosaken golo-nganipun titiyang ingkang sami atindak dédé.

وَإِذَا صُرِفَتْ أَبْصَارُهُمْ تِلْقَاءَ أَصْحٰبِ النَّارِ قَالُوا رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا مَعَ الْقَوْمِ الظّٰلِمِينَ ﴿٤٧﴾

RUKU' 6

Para murang yakti sami apes

48-51. Kasugihan sarta cacah boten tulung. 52, 53. Syafa'at badhé tanpa guna.

48 Para kang manggon ing papan-papan kang luhur padha anguwuh-uwuh marang wong-wong kang padha kinawruhan déning tetengeré, calathuné: Ora migunani ing sira (barang-barang) éntukmu keklumpuk, mangkono uga anggonira padha gumedhé.

وَنَادٰى أَصْحٰبُ الْأَعْرَافِ رِجَالًا يَعْرِفُونَهُمْ بِسِيمٰهُمْ قَالُوا مَا أَغْنٰى عَنْكُمْ جَمْعُكُمْ وَمَا كُنْتُمْ تَسْتَكْبِرُونَ ﴿٤٨﴾

---

kawontenanipun aling-aling ingkang kasebut wonten ing ayat 46. *Pager* ing 57: 13 punika anggènipun kasebutaken gagandhèngan kaliyan kapisahipun antawising para tiyang angèstu ingkang tulus kaliyan para tiyang lamis. Para tiyang lamis sami kepéngin angsal tuntunan saking cahya kados ingkang anuntun para tiyang angèstu; nanging ing nalika punika badhénipun sampun nama kasèp, ing wasana antawisipun golongan kakalih wau kapisah. Ing gesang sapunika punika pamisah ingkang kados makaten wau inggih sampun wonten, asifat ruhani, inggih punika ingkang misah antawisipun para titiyang ingkang manut miturut kalayan tulus lan tuhu-tuhu piwulang-piwulang ingkang dipun ugemi, kaliyan para titiyang ingkang namung pangakening lésanipun kémawon netepi katulusan, nanging sajatosipun gesangipun kalimput wonten ing salebeting pepetengipun piawon. Pamisah punika ing gesang ing bénjing badhé maujud awewèntèhan. Dados ayat kakalih wau boten suka pasaksèn tumrap paham ingkang mastani, bilih *A'râf* punika satunggaling panggènan ingkang dumunung wonten ing saantawisipun suwarga kaliyan naraka. Tembung wau lugu namung mengku tegesipun wantah, *panggènan ingkang inggil*, déné titiyang ingkang kapangandikakaken wonten ing pangandika punika, punika inggih kawulaning Allah ingkang tulus, ingkang kalayan terang kasebutaken wonten ing 56: 10, 11 "Lan para sing andhisiki, iku iya andhisiki; iki para kang padha keparek maring Allah," amargi sami dudunung wonten ing suwarga. Ing ayat ingkang saweg dipun oncèki punika para titiyang ing *A'râf* wau kapangandikakaken manawi wonten ing sanginggilipun para ahli suwarga, sarta sami saged nyumerepi saking tandha-tandhanipun.

891. Terangipun, calon ingkang sami manggèn wonten ing suwarga nanging dèrèng sami kalebetaken dhateng suwarga.

49 Apa iki kang padha sira bandhani sepata, yèn ora bakal Allah anekakaké wilasa marang dhèwèké? Padha malebua patamanan, ora bakal sira kataman wedi sarta ora bakal sira susah.

اَهٰٓؤُلَآءِ الَّذِيْنَ اَقْسَمْتُمْ لَا يَنَالُهُمُ اللّٰهُ بِرَحْمَةٍ ۭ اُدْخُلُوا الْجَنَّةَ لَا خَوْفٌ عَلَيْكُمْ وَلَآ اَنْتُمْ تَحْزَنُوْنَ ۝٤٩

50 Wong-wonging geni padha anguwuh wong-wonging patamanan, panguwuhé: mbok padha angilingna banyu sathithik marang aku, utawa (mbok mènèhi) rezeki paparinging Allah marang kowé (anaa) sathithik (marang aku). Calathuné: Sayekti Allah anglarangi karo pisan iku tumrap para kafir.[892]

وَنَادٰٓى اَصْحٰبُ النَّارِ اَصْحٰبَ الْجَنَّةِ اَنْ اَفِيْضُوْا عَلَيْنَا مِنَ الْمَآءِ اَوْ مِمَّا رَزَقَكُمُ اللّٰهُ ۭ قَالُوْٓا اِنَّ اللّٰهَ حَرَّمَهُمَا عَلَى الْكٰفِرِيْنَ ۝٥٠

Ut. *anglalèkaké*
Ut. *anglalèkaké*

51 Yaiku kang padha anganggep agamané minangka lalahan sarta dolanan, apa déné padha kacinthung ing kauripan donya; mulané ing dina iki Ingsun *anègakaké* dhèwèké, kaya déné anggoné dhèwèké wus padha *anglirwakaké* sapatemon ing dinané iki sarta déning anggoné padha maido ing timbalan-timbalan-Ingsun.[893]

الَّذِيْنَ اتَّخَذُوْا دِيْنَهُمْ لَهْوًا وَّلَعِبًا وَّغَرَّتْهُمُ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا ۚ فَالْيَوْمَ نَنْسٰىهُمْ كَمَا نَسُوْا لِقَآءَ يَوْمِهِمْ هٰذَا ۙ وَمَا كَانُوْا بِاٰيٰتِنَا يَجْحَدُوْنَ ۝٥١

52 Lan sayekti temen Ingsun wus anekani Kitab dhèwèké, kang Ingsun wijang-wijangaké kalawan kawruh, minangka tuntunan lan wilasa tumrap para wong kang padha angèstu.

وَلَقَدْ جِئْنٰهُمْ بِكِتٰبٍ فَصَّلْنٰهُ عَلٰى عِلْمٍ هُدًى وَّرَحْمَةً لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ۝٥٢

53 Dhèwèké padha ngentèni apa ta, kajaba kawusanané iku?[894] Ing dina tekaning kawusanané, para

هَلْ يَنْظُرُوْنَ اِلَّا تَأْوِيْلَهٗ ۭ يَوْمَ يَأْتِيْ

892. Para ingkang sami wonten ing naraka badhé kapéngin dhateng barang-barang kados ingkang dipun péngini nalika wonten ing gesang sapunika punika, inggih punika nedha lan ngombé, milanipun ing naraka piyambakipun inggih sami badhé nedha dipun sukani toya lan tetedhan.

893. Tembung *Nis-yân* punika boten namung mligi kanggé nembungaken *kesupèn* thok, nanging ugi kanggé nembungaken *icalipun satunggaling barang saking manah kalayan dipun jarag* (Rgh). Sarta manawi tembung wau dipun anggé tumrap Allah, tembung wau lajeng gadhah teges *nglirwakaké dhèwèké kanggo angatonaké anggon-É angasoraké dhèwèké* (Rgh).

894. *Kawasanan* punika tegesipun *kadadosanipun*, inggih punika gumelaripun yakti ingkang

kang mauné padha anglirwakaké iku, bakal calathu: Temen wus rawuh para utusaning Pangéranku anggawa yakti; lah apa ta samengko aku duwé juru-syafa'at kang banjur padha amakolèhaké marang aku? Utawa apa ta aku iki kena padha dibalèkaké, supaya aku padha anglakoni (panggawé) liyané kang wis padha daklakoni? Temen dhèwèké padha amitunani jiwané dhéwé, lan sabarang gogorohan gawèané wus ilang saka ing awaké.

تَأْوِيلُهُ يَقُولُ الَّذِينَ نَسُوهُ مِن قَبْلُ
قَدْ جَاءَتْ رُسُلُ رَبِّنَا بِالْحَقِّ ۚ فَهَل لَّنَا
مِن شُفَعَاءَ فَيَشْفَعُوا لَنَا أَوْ نُرَدُّ فَنَعْمَلَ
غَيْرَ الَّذِي كُنَّا نَعْمَلُ ۚ قَدْ خَسِرُوا أَنفُسَهُمْ
وَضَلَّ عَنْهُم مَّا كَانُوا يَفْتَرُونَ ﴿٥٣﴾

RUKU' 7

Para tulus sami badhé angrembaka

54. Papréntahipun Allah. 55, 56. Wilasanipun Pangéran sampun celak. 57, 58. Para tiyang pecah sami badhé dipun gesangaken malih.

54 Sayekti, Pangéranira iku Allah, Kang anitahaké langit-langit
a. 8 lan bumi ing sajroné nem mangsa[a],
b. 45 sarta[b] Panjenengané angasta purba wisésa ing karaton iku;[895] Panjenengané anutupaké wengi ing raina, kang tansah angoyak iku; lan (Panjenengané wus anitahaké) srengéngé lan rembulan sarta lintang-

إِنَّ رَبَّكُمُ اللَّهُ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَ
الْأَرْضَ فِي سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوَىٰ عَلَى
الْعَرْشِ يُغْشِي اللَّيْلَ النَّهَارَ يَطْلُبُهُ
حَثِيثًا وَالشَّمْسَ وَالْقَمَرَ وَالنُّجُومَ

sampurna déning kanyataanipun saèstu piweca-piweca, *wohipun* utawi *angsal-angsalanipun.* Mirsanana 594.

895. Tetembungan استوى على العرش punika wonten ing Quran Suci dipun agem wonten ing ayat punika tuwin wonten ing nem panggènan sanès-sanèsipun, inggih punika ing 10: 3, 13: 2, 20: 5, 25: 59, 32: 4, tuwin ing 57: 4. Ing nem panggènan wau sadaya saged katitik bilih tetembungan wau dipun agem ing sasampunipun anyebutaken tumitahipun langit-langit lan bumi sarta gagayutan kaliyan anggènipun Pangéran anguwaosi titah-Ipun, sarta ing sasampunipun anyebutaken anggènipun sagung bawana kadhawuhan déning Ingkang-Nitahaken supados sami manut miturut dhateng angger-angger lan tata-tertib. Sajatosipun Quran nama sampun anerangaken punapa maksudipun, inggih tumrap ing ngriki, inggih tumrap ing panggènan sanès-sanèsipun. Minangka conto, tumrap ing ngriki langkung rumiyin anyebutaken anggènipun Pangéran anitahaken langit lan bumi, lajeng nyebutaken tetembungan wau, lajeng ayat punika dipun wekasi kalayan pangandika: *sayekti dumadi lan paréntah iku ana ing Panjenengané.* Awit saking punika mila tetembungan wau mesthi mengku suraos kados tembung *préntah.* Makaten ugi ing 10: 3 pangandikaning ayat mungel ثم استوى على العرش Tembung يدبر الامر ing ngriku يدبر الامر ingkang jawinipun *nata sagung prakara*, cetha anerangaken tembung استوى على العرش Manawi pangandika ing panggènan sanès-sanèsipun

مُسَخَّرَٰتٍۭ بِأَمْرِهِۦٓ ۗ أَلَا لَهُ ٱلْخَلْقُ وَٱلْأَمْرُ ۗ تَبَارَكَ ٱللَّهُ رَبُّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٥٤﴾

lintang, ginawé manut kalawan paréntah-É; sayekti dumadi lan paréntah iku ana ing Panjenengané; Mahabarkah Allah iku, Pangéraning ngalam kabèh.

ٱدْعُوا۟ رَبَّكُمْ تَضَرُّعًا وَخُفْيَةً ۚ إِنَّهُۥ لَا يُحِبُّ ٱلْمُعْتَدِينَ ﴿٥٥﴾

55 Padha nyunyuwuna Pangéranira kalawan adhedhépé tuwin sisidheman; sayekti Panjenengané iku ora remen marang kang padha mlangkah wates.

وَلَا تُفْسِدُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ بَعْدَ إِصْلَٰحِهَا وَٱدْعُوهُ خَوْفًا وَطَمَعًا ۚ إِنَّ رَحْمَتَ ٱللَّهِ قَرِيبٌ مِّنَ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٥٦﴾

56 Lan aja sira padha agawé wisuna ana ing bumi sawisé olèhé didandani, lan padha nyunyuwuna ing Panjenengané kalawan wedi lan pangarep-arep; sayekti wilasaning Allah iku cedhak marang para kang agawé becik (ing liyan).[896]

وَهُوَ ٱلَّذِى يُرْسِلُ ٱلرِّيَٰحَ بُشْرًۢا بَيْنَ يَدَىْ رَحْمَتِهِۦ ۖ حَتَّىٰٓ إِذَآ أَقَلَّتْ سَحَابًا ثِقَالًا

57 Lan Panjenengané iku kang angutus angin-angin anggawa warta becik sangareping kamurahan-É,[897] nganti samangsa wus anggawa mendhung angendanu, iku

---

ingkang wonten tetembunganipun ingkang kados makaten wau dipun waspaosaken, saya katingal cetha maksudipun. Samangké gentos ningali serat-serat bausastra. *'Arsy* punika tegesipun ingkang wantah *barang ingkang dipun anggé éyub-éyub* (LL) utawi *sabarang ingkang dipun sukani anjang-anjang* (Rgh). Miturut Rgh wau *dampar palenggahanipun sultan* punika winastan *'arsy*, margi saking luhuripun. Salajengipun panjenenganipun nerangaken وكني به عن العز والسلطان والمملكة jawinipun *tembung wau dipun anggé kanggé anembungaken kaluhuran, panguwaos lan karajan.* LL nayogyani katranganipun Rgh, ingkang anerangaken bilih "*'arsy*-ipun Pangéran punika salah satunggaling barang ingkang manusa boten mangertos menggah ing sajatos-jatosipun, kajawi namung nama blaka, sarta punika boten kados ingkang dipun kontha-kontha tiyang umum ingkang kathah-kathah punika." Ingkang sampun-sampun tembung *'arsy* lan *kursi* punika asring dipun suraos kalayan klèntu, dipun tegesi papan-paleremanipun Allah. Bkh nerangaken tembung *kursi* punika *ngilmi*, déné tegesipun ingkang leres tembung *'arsy* punika *panguwaos*. Tembung *istawâ*, samangsa dipun raketi *'alâ*, ateges *nguwaosi*, utawi *maréntah satunggaling barang*, nunggil teges kaliyan tembung *istaulâ* (M, K-LL), utawi *kekah* (Msb-LL). *Tsumma*, kados déné ingkang sampun katerangaken ing ngajeng, boten tamtu ateges *nuli-nuli*. Dados suraosipun ayat punika makaten: Panjenenganipun anitahaken langit-langit lan bumi, lajeng Panjenenganipun ingkang anguwaosi titah-Ipun wau sadaya, sarta Panjenenganipun punika kekah sanget anggèning angecakaken kawasa-Nipun, tebih saking ingkang nama ringkih.

896. Tumrap dhateng Allah, raosing manah punika kedah warni kalih sasarengan, inggih punika kuwatos lan ngajeng-ajeng, ajrih lan tresna, jalaran kuwatos bokbilih boten andadosaken kapareng-Ipun, punika boten prabéda lan ngajeng-ajeng dhateng sih-wilasa-Nipun, saged anucèkaken manah.

897. *Sih-wilasanipun* Pangéran cumetha wonten ing jawah tumrap alam wadhag, wonten ing alam

Ut. *sarana iku*

Ar. *ame-tokaké*

Ingsun giring marang tanah kang mati; tumuli Ingsun anurunaké banyu *mrono*,[898] banjur Ingsun anggo ametokaké sawarnaning wowohan; kaya mangkono anggon-Ingsun bakal *anguripaké* wong-wong mati, supaya sira padha élinga.[899]

سُقْنٰهُ لِبَلَدٍ مَّيِّتٍ فَاَنْزَلْنَا بِهِ الْمَآءَ
فَاَخْرَجْنَا بِهٖ مِنْ كُلِّ الثَّمَرٰتِ ؕ كَذٰلِكَ
نُخْرِجُ الْمَوْتٰى لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ ﴿٥٧﴾

58 Wondéné tanah kang becik, metu tutuwuhané (amrajak) kalawan idining Pangérané, lan kang cengkar, ora metu (tutuwuhané) kajaba mung sathithik; kaya mangkono anggon-Ingsun angambal-ambali timbalan-timbalan tumrap wong kang padha atur panuwun.[900]

وَالْبَلَدُ الطَّيِّبُ يَخْرُجُ نَبَاتُهٗ بِاِذْنِ
رَبِّهٖ ۚ وَالَّذِىْ خَبُثَ لَا يَخْرُجُ اِلَّا نَكِدًا ؕ
كَذٰلِكَ نُصَرِّفُ الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّشْكُرُوْنَ ﴿٥٨﴾

RUKU' 8

Lalampahanipun Nabi Nuh

59. Nabi Nuh mulangaken Kasawijènipun Allah. 60–64. Panjenenganipun dipun emohi sarta umatipun dipun kèrem.

59 Sayekti temen Ingsun wis angutus Nuh marang bangsané, tumuli acalathu: É bangsaku, padha ngabdia ing Allah, sira ora duwé sesembahan liyané Panjenengané; sayekti aku nguwatiraké sira marang siksa ing dina kang agung.[901]

لَقَدْ اَرْسَلْنَا نُوْحًا اِلٰى قَوْمِهٖ فَقَالَ يٰقَوْمِ
اعْبُدُوا اللّٰهَ مَا لَكُمْ مِّنْ اِلٰهٍ غَيْرُهٗ ؕ اِنِّىْۤ
اَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيْمٍ ﴿٥٩﴾

---

ruhani sih-wilasa wau cumetha wonten ing wahyuning Pangéran, ingkang kawasa anggesangaken titiyang pejah.

898. Terangipun, Ingsun wus anurunaké banyu marang bumi kang mati, utawi nurunaké banyu sarana utawi saka mendhung, awit *dlamir*-ipun saged wangsul dhateng kalih-kalihipun wau salah satunggal.

899. Tiyang pejah ruhaninipun kagesangaken malih alantaran wahyu Quran punika mesthi kasanépakaken kados déné bumi pejah kagesangaken malih lantaran jawah. Angin ingkang ambekta pawartos bibingah punika ébah-ébahan ingkang tumuju dhateng Islam, ingkang saben dinten saya mindhak kiyat.

900. Ing ngriki wahyuning Pangéran kasanépakaken kados déné jawah, saé utawi awonipun manusa kasanépakaken kados déné saé utawi awonipun siti. Manawi wonten sawenèhing tiyang boten saged angsal piguna saking wahyuning Pangéran, punika awit saking lepatipun piawon ingkang wonten ing manusa, sanès lepatipun wahyu, boten prabéda kados déné siti ingkang boten angsal piguna saking toya jawah, punika sanès lepatipun toya jawah.

901. Sasampunipun maringi pèpènget dhateng para titiyang Quraisy kadadosanipun ingkang boten

60 Para panggedhéning bangsané acalathu: Sayekti, panyawangku, kowé iku ana ing sajroning sasar kang tétéla.

قَالَ الْمَلَأُ مِنْ قَوْمِهِ إِنَّا لَنَرَاكَ فِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ﴿٦٠﴾

61 Dhèwèké acalathu: É, bangsaku! Ora pisan ana sasaré aku iki, ananging aku iki utusan saka Pangéraning kabèh ngalam:

قَالَ يَا قَوْمِ لَيْسَ بِي ضَلَالَةٌ وَلَٰكِنِّي رَسُولٌ مِنْ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿٦١﴾

62 Aku anekakaké marang sira ayahaning Pangéranku lan apitutur becik marang sira, lan aku weruh saka Allah apa kang sira padha ora weruh:

أُبَلِّغُكُمْ رِسَالَاتِ رَبِّي وَأَنْصَحُ لَكُمْ وَأَعْلَمُ مِنَ اللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٦٢﴾

63 Apa! Apa sira padha gumun, déné ana péling saka Pangéranira anekani sira, alantaran wong lanang golonganira, amrih angélingaké sira lan supaya sira anjaga

أَوَعَجِبْتُمْ أَنْ جَاءَكُمْ ذِكْرٌ مِنْ رَبِّكُمْ عَلَىٰ رَجُلٍ مِنْكُمْ لِيُنْذِرَكُمْ وَلِتَتَّقُوا

saé anggènipun milawani Kanjeng Nabi, sapunika lajeng badhé amarsitakaken tuladha warni-warni saking lalampahanipun para nabi duking kina, wigatos anedahaken kados pundi temahanipun umat-umat ingkang boten purun anggapé pèpèngetipun juru-maringi pèpènget. Perlu dipun èngeti saben maos lalampahanipun para andika Nabi ingkang kasebut ing Quran, bilih ingkang dipun sedya Quran punika boten kok lugu angandharaken lalampahan, wangsul badhé anggelar sifat-sifat ingkang tartamtu ingkang pinanggih wonten ing lalampahanipun umat warni-warni, nyebutaken lalampahan-lalampahan ingkang isi piweca ing bab sugengipun Kanjeng Nabi, sarwi maringi tuladha pèpènget-pèpènget badhé kados pundi kedadosanipun angemohi yakti. Quran boten migatosaken sanget-sanget dhateng riricikaning wasita ingkang kaparingaken déning satunggaling nabi dhateng umatipun sarta riricikaning lalampahan kados pundi anggèning nampèni umatipun ing nabi wau. Quran namung anyebutaken kanyataan ageng-ageng, kadosta saben nabi mesthi mulangaken bab kasawijènipun Pangéran, saben nabi mesthi migatosaken sanget bekti ing Pangéran, saben nabi mesthi dipun pilawani ingkang kalayan sanget, sarta saben para utusan ing wasananipun mesthi kasil saged anjumenengaken yakti. Makaten punika ringkesanipun saha pathinipun sadaya lalampahanipun para andika nabi ingkang kacariyosaken wonten ing Quran, wonten bédanipun inggih namung sakedhik sanget. Dados boten kados katranganipun satunggaling juru-priksa Nasrani, bilih ingkang kaandharaken wonten ing salebeting babad lalampahanipun para nabi punika "lalampahanipun Muhammad," wangsul punika lalampahanipun para andika nabi ingkang mengku piweca lalampahan ingkang dipun alami déning Kanjeng Nabi. Bab punika wonten titikanipun ingkang cetha, déné lalampahanipun para andika nabi ingkang magepokan kaliyan leburipun umat ingkang milawani, punika ingkang kathah kamot wonten ing dhawuh-dhawu Quran ingkang tumurun ing Makkah (Wahyu Makkiyah), mangka nalika jaman Makkah wau para mengsahipun Kanjeng Nabi saweg nedheng-nedhengipun mumbul panguwaosipun, kosokwangsulipun pakaryanipun Kanjeng Nabi katingalipun sajak tanpa pangajeng-ajeng badhé angsal damel. Salajengipun, nalika jaman wahyu Madaniyah (dhawuh-dhawuh ingkang tumurun ing Madinah) para mengsah sampun kawon, dadosipun sampun boten ambetahaken sanget-sanget dipun dhorèngi lalampahanipun para andika nabi ing kina tuwin mengsah-mengsahipun.

Ing Quran Suci lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh punika kasebutaken wonten ing panggènan ing ngandhap punika: 3: 32; 6: 85; 7: 59-64; 10: 71-73; 11: 25-48; 14: 9; 17: 3; 21: 76, 77; 23: 23-29; 25: 37; 26: 105-122; 29: 14, 15; 37: 75-82; 51: 46; 53: 52; 54: 9-16; 57: 26; 66: 10; 69: 11-12; 71: 1-28.

وَلَعَلَّكُمْ تُرْحَمُوْنَ ﴿٦٣﴾

dhiri (saka ing ala) sarta supaya sira padha diwelasi.

فَكَذَّبُوْهُ فَاَنْجَيْنٰهُ وَالَّذِيْنَ مَعَهٗ فِى الْفُلْكِ وَاَغْرَقْنَا الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا ؕ اِنَّهُمْ كَانُوْا قَوْمًا عَمِيْنَ ﴿٦٤﴾

64 Ananging padha anggorohaké dhèwèké, mulané Ingsun anyalametaké dhèwèké dalasan para pandhèrèk ing prau, sarta Ingsun angèrem para kang padha anggorohaké ing timbalan-timbalan-Ingsun; sayekti dhèwèké iku bangsa kang wuta.[902]

RUKU' 9

Lalampahanipun Nabi Hud

65. Nabi Hud mulangaken kasawijènipun Allah. 66—72. Panjenenganipun dipun emohi sarta lajeng dhatengipun pidana.

وَاِلٰى عَادٍ اَخَاهُمْ هُوْدًا ؕ قَالَ يٰقَوْمِ اعْبُدُوا اللّٰهَ مَا لَكُمْ مِّنْ اِلٰهٍ غَيْرُهٗ ؕ اَفَلَا تَتَّقُوْنَ ﴿٦٥﴾

65 Lan marang (bangsa) 'Ad[903] (Ingsun wis angutus) saduluré,[904] Hud.[905] Dhèwèké acalathu: É, bangsaku! Padha ngabdia ing Allah, sira ora duwé sesembahan liyané Panjenengané; lah apa ta sira ora arep *anjaga dhiri* (*saka ing ala*)?

Ut. *bekti*

902. Cariyos bab banjir ageng lan bab pandamelipun baita ingkang radi panjang kasebutaken wonten ing 11: 37-48 tuwin ing 23: 27-29. Nanging inggih perlu ugi kapèngetan ing ngriki bilih Quran boten nayogyani téori ingkang mastani banjir ing sajagad, jalaran ing ngriki kasebutaken kalayan terang bilih Kanjeng Nabi Nuh punika kautusipun namung dhateng *umatipun*, boten kok dhateng sadaya umat ing sajagad. Quran anerangaken bilih ingkang mastani Kanjeng Nabi Nuh tukang dora-cara, punika namung umat ingkang kaparingan wasita Kanjeng Nabi Nuh, sarta ingkang dipun kelem punika inggih namung para titiyang ingkang *angemohi timbalan-timbalan-Ingsun*, inggih punika wasitanipun Pangéran ingkang kadhawuhan lantaran Kanjeng Nabi Nuh. Awit saking punika banjir wau inggih namung angerob panggènan ingkang dipun dunungi umatipun Kanjeng Nabi Nuh, dados boten kok angerobi saindhenging jagad, kados andharanipun Bébel punika. Lah, punika salah satunggaling bab ingkang Quran kaliyan Bébel béda katranganipun, sarta sapisan malih Quran ingkang leres.

903. Kaum 'Ad, kaliyan nabinipun Nabi Hud, wonten ing Quran Suci kasebutaken wonten ing panggènan-panggènan ing ngandhap punika: 7: 65-72; 11: 50-60; 14: 9; 25: 38; 26: 123-140; 29: 38; 41: 13-16; 46: 21-26; 51: 41-42; 53: 50; 54: 18-21; 69: 4; 69: 6-8; 89: 6-8.

'Ad punika wayahipun Iram (kasebutaken ing 89: 7), Iram wayahipun Kanjeng Nabi Nuh. Pancer 'Ad ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika kasebut *'Ad ingkang sapisan* (53: 50), kanggé ambédakaken kaliyan pancer Tsamud, ingkang kasebut *'Ad ingkang kaping kalih.* Pancer 'Ad punika sami dudunung wonten ing saganten wedhi Al-Ahqaf (46: 21), ingkang kasebutaken wonten ing gambar kar tanah Arab, déné pernahipun wiwit Oman dumungi Hadlarmaut (Rz). Tuwan Rodwell mastani bilih "pancer kakalih 'Ad lan Samud – tumrap pancer Samud kasebutaken déning Diod. Sic. Lan Ptolemy – punika panggènanipun wonten ing salèripun Makkah." Nanging anggènipun mastani

904, 905. *Mirsanana kaca candhakipun.*

66 Para panggedhéning bangsané para kang padha kafir acalathu: Sayekti panyawangku kowé iku ana ing sajroning kabodhoan, lan sayekti temen aku nyana, (yèn) kowé iku éwoné para kang goroh.

قَالَ الْمَلَأُ الَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ قَوْمِهِ إِنَّا لَنَرَاكَ فِي سَفَاهَةٍ وَإِنَّا لَنَظُنُّكَ مِنَ الْكَاذِبِينَ ﴿٦٦﴾

67 Dhèwèké acalathu: É, bangsaku! Ora pisan ana kabodhoané aku iki, ananging aku iki utusan saka Pangéraning kabèh ngalam:

قَالَ يَا قَوْمِ لَيْسَ بِي سَفَاهَةٌ وَلَكِنِّي رَسُولٌ مِنْ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿٦٧﴾

68 Aku anekakaké marang sira ayahaning Pangéranku lan aku iki juru-pitutur becik kang mitayani tumrap marang sira.

أُبَلِّغُكُمْ رِسَالَاتِ رَبِّي وَأَنَا لَكُمْ نَاصِحٌ أَمِينٌ ﴿٦٨﴾

69 Apa! Apa sira padha gumun, déné ana péling saka Pangéranira anekani sira, alantaran wong lanang golonganira, amrih angélingaké sira? Lan padha angélingana nalikané Panjenengané andadèkaké sira dadi para *Pamaréntah*[906] ing sapungkuré umaté Nuh sarta amewahi sira ing dalem prakosaning dumadinira;[907] mulané padha diéling marang paparingé Allah, supaya sira padha begja.

Ut. *susulih*

أَوَعَجِبْتُمْ أَنْ جَاءَكُمْ ذِكْرٌ مِنْ رَبِّكُمْ عَلَى رَجُلٍ مِنْكُمْ لِيُنْذِرَكُمْ ۚ وَاذْكُرُوا إِذْ جَعَلَكُمْ خُلَفَاءَ مِنْ بَعْدِ قَوْمِ نُوحٍ وَزَادَكُمْ فِي الْخَلْقِ بَصْطَةً ۖ فَاذْكُرُوا آلَاءَ اللَّهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿٦٩﴾

---

tuwan Rodwell wau klèntu manawi tumrap pancer ‘Ad, déné manawi tumrap pancer Tsamud saged ugi leres. Bab pancer punika tuwan Sale ngandharaken wonten ing Bubukaning tafsiripun makaten: “’Ad punika pancer ing tanah Arab ingkang kina lan kiyat sarta sami mempeng nembah brahala. Déwa-déwa sesembahanipun ingkang enggel wonten sakawan, inggih punika Sâqiyah, Hâfidzah, Râziqah lan Sâlimah. Ingkang angka satunggal kaanggep tukang maringi jawah, ingkang angka kalih tukang rumeksa saking sawarnining babaya, ingkang angka tiga tukang maringi tedha, déné ingkang angka sakawan tukang nyarasaken samangsa piyambakipun sakit.”

904. Tiyang jaler warganing satunggaling pancer punika limrahipun katembungaken “sadhèrèkipun jaler”: “Contonipun يا اخا بكر punika tegesipun: É, wong pancer Bakr” (Ham-LL).

905. Kanjeng Nabi Hud punika manawi wonten ing Bébel kasebut Éber, awit kacariyosaken manawi Hud punika wayahipun Arphaxad. Arphaxad wayahipun Nuh (Rz). Bab salasilahipun Éber mirsanana Purwaning Dumados 10: 24. Kacariyosaken manawi putranipun kakung ingkang asma Yoktan angadegaken kerajan wonten ing Yûnân.

906. Tiyang Arab kadadosaken *khulafâ’* utawi *gegentos* punika tegesipun kadadosaken kaum ingkang maréntah lan anggadhahi karajan ingkang wiyar.

907. Sawenèh mufassir nyariyosaken dodongèngan ingkang boten wonten watonipun ing bab

70 Dhèwèké padha calathu: Apa tekamu marang aku kéné iki supaya aku padha anguwuh ing Allah kang Sawiji, sarta aninggal apa kang dikawulani bapak-bapakku? Lah tekakna marang aku kéné apa kang koancamaké aku, manawa kowé iku kalebu wong kang padha temen.

قَالُوٓا أَجِئْتَنَا لِنَعْبُدَ ٱللَّهَ وَحْدَهُۥ وَنَذَرَ مَا
كَانَ يَعْبُدُ ءَابَآؤُنَا ۖ فَأْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ إِن
كُنتَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ٧٠

71 Dhèwèké acalathu: temen wus tumiba marang sira[908] lelethek sarta bebendu saka Pangéranira; apa kowé padha madoni aku ing dalem (prakara) aran-aran, kang sira sebut-sebut, sira lan bapak-bapakira?[909] Allah ora anurunaké wewenang tumrap iku; mulané padha entènana, sayekti aku iki kalawan sira éwoné wong kang padha angentèni.

قَالَ قَدْ وَقَعَ عَلَيْكُم مِّن رَّبِّكُمْ رِجْسٌ
وَغَضَبٌ ۖ أَتُجَٰدِلُونَنِى فِىٓ أَسْمَآءٍ سَمَّيْتُمُوهَآ
أَنتُمْ وَءَابَآؤُكُم مَّا نَزَّلَ ٱللَّهُ بِهَا مِن سُلْطَٰنٍ ۚ
فَٱنتَظِرُوٓا۟ إِنِّى مَعَكُم مِّنَ ٱلْمُنتَظِرِينَ ٧١

72 Tumuli Ingsun anyalametaké dhèwèké dalah para pandhèrèké kalawan wilasa saka Ingsun, sarta Ingsun amedhot oyodé para kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun tuwin kang dudu wong-wong angèstu.[910]

فَأَنجَيْنَٰهُ وَٱلَّذِينَ مَعَهُۥ بِرَحْمَةٍ مِّنَّا
وَقَطَعْنَا دَابِرَ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا
وَمَا كَانُوا۟ مُؤْمِنِينَ ٧٢

ageng inggiling dedeg-pangadegipun para titiyang wau, ngantos katingal nglengkara. Tetembungan wau wonten ing Quran namung mengku maksud manawi para titiyang wau sami kiyat-kiyat lan prakosa.

908. Kumanthil-kanthil dhateng brahala-brahalanipun tuwin suthik angèstu ing Allah, punika wonten ing ngriki kapangandikakaken kados déné lelethek tuwin bebendu saking Allah ingkang andhawahi piyambakipun. Kacundhukna kaliyan pangandika ing 22: 30 "Padha angedohana leletheking brahala." Tembung *rijs* punika inggih wonten malih tegesipun ingkang angka kalih, inggih punika *pidana* utawi *siksa*; manawi dipun tegesi makaten, anggènipun ngagem *fi'il madli* (tembung kriya ingkang nedahaken wekdal ingkang sampun dipun lampahi) punika dumunung kanggé anedahaken lalampahan ingkang *mesthi* badhé kelampahan saèstu, awit badhé dhumawahing siksa punika prakawis ingkang sampun genah, ngantos kénging winastan *sampun dhumawah.*

909. Ingkang dipun karsakaken punika brahala-brahalanipun. Mirsanana 903.

910. Para titiyang wau sami kalebur déning prahara ageng ngantos wolung dinten teterusan (69:7). Ing saganten wedhi, kados déné ingkang kawengku wonten ing nama Al-Ahqaf, prahara ageng punika saged adamel curna para ingkang dumunung ing ngriku.

RUKU' 10

Lalampahanipun Nabi Shalih sarta Nabi Luth

73, 74. Nabi Shalih mulangakèn kasawijènipun Allah. 75—79. Panjenenganipun dipun emohi sarta pidana andhawahi umatipun. 80, 81. Nabi Luth amulangakèn kasucian. 82—84. Panjenenganipun dipun emohi sarta pidana andawahi umatipun.

73 Lan marang (bangsa) Tsamud[911] (Ingsun wus angutus) sadu-
a. 904 luré[a], Shalih.[912] Dhèwèké acalathu: É, bangsaku, padha angabdia ing Allah, sira ora duwé sesembahan liyané Panjenenganè. Temen wus tumeka ing sira tandha yekti cetha saka Pangéranira: iki untané wadon Allah, tumrapé sira sawijining tandha;[913] mulané iku togna baé
Ar. *grayang kalayan ala* mangan ing bumining Allah lan aja sira *arubiru*, mundhak siksa kang nglarani anibani sira:

وَإِلَىٰ ثَمُودَ أَخَاهُمْ صَٰلِحًا ۗ قَالَ يَٰقَوْمِ
ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُۥ ۖ قَدْ
جَآءَتْكُم بَيِّنَةٌ مِّن رَّبِّكُمْ ۖ هَٰذِهِۦ نَاقَةُ
ٱللَّهِ لَكُمْ ءَايَةً ۖ فَذَرُوهَا تَأْكُلْ فِىٓ أَرْضِ
ٱللَّهِ ۖ وَلَا تَمَسُّوهَا بِسُوٓءٍ فَيَأْخُذَكُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٧٣﴾

911. Sampun kula terangakèn bilih Tsamud, ingkang misuwur kasebut 'Ad ingkang kaping kalih, punika wonten ing Quran asring kasebutakèn sasarengan kaliyan 'Ad ingkang sapisan. Pancer Tsamud kapangandikakakèn wonten ing panggènan-panggènan ing ngandhap punika: 7: 73-79; 11: 61-68; 14: 9; 15: 80-84; 25: 38; 26: 141-159; 27: 45-53; 29: 38; 41: 13-14; 41: 17, 18; 51: 43-45; 53: 51; 54: 23-31; 69: 4-5; 80: 9; 91: 11-15.

'Ad lan Tsamud punika pancer kakalih ingkang celak aluripun, nanging menggah ing jamanipun lan menggahing panggènanipun pisah-pisah. Pancer Tsamud punika nama pipiridan saking wayahipun Iram, wayahipun Kanjeng Nabi Nuh. Patilasan-patilasanipun pancer punika kasebutakèn wonten ing pèngetanipun Ptolémy. Makmuripun pancer punika langkung saking kalih atusan taun ing sasampunipun 'Ad, déné ingkang dipun dunungi inggih punika panggènan ingkang misuwuripun kawastanan Al-Hijr utawi Al-Hajar (15: 30) tuwin ing tanah cengkar ingkang misuwuripun kanamakakèn Wadi-l-Qura, ingkang dados tapelwatesipun ingkang sisih kidul tanah Syriah tapelwatesipun ingkang sisih lèr tanah Arab. (Ringkesan Babad Lalampahanipun Kanjeng Nabi Muhammad, déning S.S.A.).

912. Shalih punika turun ingkang kaping nenem kaliyan Tsamud, luluhuripun ingkang sakawit pancer Tsamud, ingkang lajeng katelah kanggé namanipun pancer wau.

913. Sabda Quran Suci tuwin hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi ingkang apsah boten wonten ingkang anerangakèn dodongèngan ingkang manéka-warni, bab jumedhulipun unta èstri lan bab agengipun ingkang angéram-éramakèn unta èstri wau. Unta wau unta èstri limrah, ingkang kakarsakakèn minangka dados pasaksèn tandha yekti dhateng titiyang kathah. Anggènipun sami mejahi unta wau, dados pratandha bilih piyambakipun boten badhé purun nampèni yakti lan boten purun angèndeli anggènipun sami munasika Kanjeng Nabi Shalih dalah sapandhèrèkipun.

Ing ngriki prayogi dipun pèngeti bilih unta kakarsakakèn dados tandha yekti punika boten nama anèh, awit dalasan ing jaman sapunika ugi kula sami saged nyipati piyambak Ka'bah padaleman suci ingkang menggah ing kawujudanipun boten kénging winastan saé, punika ugi kakarsakakèn dados tandha yekti tumrap ing sajagad sadaya, sintena ingkang kumawantun badhé anyirnakakèn punika mesthi badhé nemahi sirna piyambak. Padaleman suci punika, yasan limrah ingkang kadamel saking séla ingkang boten mawi dipun elus, punika tandha yekti ingkang ageng tikel matikel angungkuli tandha yektinipun Kanjeng Nabi Shalih ingkang awujud unta ingkang gesang wau.

Ut. *susulih* a. 906

74 Lan padha élinga nalikané Panjenengané andadèkaké sira dadi para *pamaréntah* ing sapungkuré bangsa ‘Ad[a] sarta anetepaké sira ana ing bumi – sira padha yasa pura ana ing tanahé rata sarta padha anatahi gunung minangka omah[914] – mulané padha élinga kadarmaning Allah, sarta aja padha agawé piala ing bumi, agawé wisuna.

وَاذْكُرُوٓا إِذْ جَعَلَكُمْ خُلَفَآءَ مِنْۢ بَعْدِ عَادٍ
وَّبَوَّاَكُمْ فِي الْأَرْضِ تَتَّخِذُوْنَ مِنْ سُهُوْلِهَا
قُصُوْرًا وَّتَنْحِتُوْنَ الْجِبَالَ بُيُوْتًا ۚ فَاذْكُرُوٓا
اٰلَآءَ اللّٰهِ وَلَا تَعْثَوْا فِي الْأَرْضِ مُفْسِدِيْنَ ﴿٧٥﴾

75 Kepala-kepalaning bangsané para kang padha gumedhé acalathu marang para kang padha inganggep apes, marang para kang padha angèstu saka ing antarané: Apa kowé padha weruh, yèn Shalih iku utusan saka Pangérané? Dhèwèké padha acalathu: Sayekti aku iki padha wong angèstu marang barang kang diampil anggoné kautus.

قَالَ الْمَلَاُ الَّذِيْنَ اسْتَكْبَرُوْا مِنْ قَوْمِهٖ
لِلَّذِيْنَ اسْتُضْعِفُوْا لِمَنْ اٰمَنَ مِنْهُمْ
اَتَعْلَمُوْنَ اَنَّ صٰلِحًا مُّرْسَلٌ مِّنْ رَّبِّهٖ ؕ
قَالُوْٓا اِنَّا بِمَآ اُرْسِلَ بِهٖ مُؤْمِنُوْنَ ﴿٧٦﴾

76 Para kang padha gumedhé acalathu: Sayekti aku iki para wong kang angafiri kang padha koèstu.

قَالَ الَّذِيْنَ اسْتَكْبَرُوْٓا اِنَّا بِالَّذِيْٓ
اٰمَنْتُمْ بِهٖ كٰفِرُوْنَ ﴿٧٧﴾

77 Banjur padha ambelèh unta wadon iku sarta padha andaga paréntahing Pangérané lan padha acalathu: É, Shalih, tekakna marang aku apa kang koancamaké ing aku manawa kowé iku éwoné para utusan.

فَعَقَرُوا النَّاقَةَ وَعَتَوْا عَنْ اَمْرِ رَبِّهِمْ
وَقَالُوْا يٰصٰلِحُ ائْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ اِنْ كُنْتَ
مِنَ الْمُرْسَلِيْنَ ﴿٧٨﴾

914. Wonten ing kitab karanganipun *Ringkesan Babad Lalampahanipun Kanjeng Nabi Muhammad*, Sir Sayid Ahmad Khan nerangaken makaten: “Para titiyang wau sami anggrowongi séla karang, sarta sasampunipun angesongi lan amangun karang wau, lajeng sami wiwit manggèn wonten ing ngriku. Séla karang wau dumugi ing jaman sapunika misuwur dipun namakaken *Ashalîb*. Mèh sok tiyanga Arab, makaten ugi tiyang ngamonca ingkang lalana dhateng tanah Arab, saged suka pasaksèn bab wontenipun padunungan ingkang saking séla wau, ingkang meger-meger saged adamel pamaremipun para ingkang sami kepéngin sumerep lan saged suka katrangan ing bab kawontenanipun kaum-kaum ingkang yasa padunungan wau. Makaten ugi padunungan wau saged suka pasaksèn ing kayektèning lalampahanipun pancer Tsamud sapérangan ingkang kasebutaken wonten ing dalem Quran.”

78 Tumuli lindhu anekani dhèwèké, banjur padha dadi awak kang ora obah ana ing omahé.[915]	فَأَخَذَتْهُمُ الرَّجْفَةُ فَأَصْبَحُوا فِي دَارِهِمْ جَاثِمِينَ ﴿٧٨﴾
79 Tumuli dhèwèké aninggal kono kalawan calathu: É, bangsaku! Sayekti temen aku anekakaké marang sira ayahaning Pangéranku sarta aku apitutur becik ing sira, ananging sira iku padha ora dhemen para juru-pitutur becik.[916]	فَتَوَلَّىٰ عَنْهُمْ وَقَالَ يَا قَوْمِ لَقَدْ أَبْلَغْتُكُمْ رِسَالَةَ رَبِّي وَنَصَحْتُ لَكُمْ وَلَٰكِنْ لَا تُحِبُّونَ النَّاصِحِينَ ﴿٧٩﴾
80 Lan (Ingsun wus angutus) Luth, nalikané acalathu marang bangsané: Apa! apa sira padha anindakaké panggawé nistha, kang ora ana wong siji-sijia ing jagad ing sadurungira kang nindakaké mangkono.[917]	وَلُوطًا إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِ أَتَأْتُونَ الْفَاحِشَةَ مَا سَبَقَكُمْ بِهَا مِنْ أَحَدٍ مِنَ الْعَالَمِينَ ﴿٨٠﴾

915. Siksa ingkang andhawahi kaum Tsamud punika kasebutaken kalayan nama warni-warni. Ing ngriki kasebut *rajfah*, ingkang ateges *lindhu.* Ing 27: 52 kasebutaken manawi sami jugrug padununganipun, punika ugi anedahaken bilih para titiyang wau kalebur sarana lindhu. Ing 54: 31 siksa wau kasebut *shaihah* jawinipun *pethak satunggal*, sarta cetha manawi punika ingkang dipun karsakaken suwanten oreg ingkang mumucuki lindhu-pethak. Ing 51: 44 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun siksa wau kasebut *shâ'iqah*, ingkang ateges *sadhéngah pidana ingkang adamel risak* (O, Q-LL), ingkang kala-kala inggih sok mengku teges kados déné tembung *shaihah.* Ing 69: 5 kaum Tsamud punika kapangandikakaken kalebur sarana *thâgiyah*, ingkang jawinipun *siksa ingkang sakalangkung déning sanget.* Kalih-kalihipun wau sadaya mathuk kanggé nembungaken lindhu.

916. Cetha ingkang kapangandikan makaten punika kakantunipun para titiyang ingkang sami pejah déning bilai ageng wau.

917. Pancènipun miturut urut-urutaning jamanipun – ingkang wonten ing surat punika dipun turut – lajeng gentos anyebutaken Kanjeng Nabi Ibrahim. Nanging ing ngriki dipun langkungi, déné sababipun: sapisan, ingkang kasebutaken punika namung para andika nabi ingkang meningi anggènipun dipun sirnakaken mengsah-mengsahipun; kaping kalih, margi lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim punika sampun kaandharaken wonten ing surat ingkang sampun, mangka surat punika kénging winastan wewahanipun surat ingkang sampun. awit saking punika ingkang kasebutaken Kanjeng Nabi Luth, putra kapenakanipun Kanjeng Nabi Ibrahim. Ing Quran ingkang nyebutaken Kanjeng Nabi Luth kados ing ngandhap punika: 6: 87; 11: 77-83; 15: 61-74; 21: 74-75; 26: 160-173; 27: 54-58; 29: 32-35; 37: 133-136; 51: 32-37; 53: 53-54; 54: 34-38; 66: 10. Kanjeng Nabi Luth punika salah satunggaling nabi ingkang dipun cacamah asmanipun wonten ing kitab-kitabipun agami Yahudi tuwin wonten ing Bébel. Sampun cetha, Kanjeng Nabi Luth punika kaanggep kawula ingkang tulus déning Kanjeng Nabi Ibrahim (Purwaning Dumados 18: 23), sarta malih anggèning panjenenganipun dipun wilujengaken déning Pangéran, punika mratandhani manawi Pangéran inggih anganggep panjenenganipun punika tiyang ingkang tulus. Suprandéné ing Bébel ngriku ugi kasebutaken bilih Kanjeng Nabi Luth kempal saré kaliyan putra-putrinipun piyambak. Pranyata punika pandamel ingkang sulaya sanget kaliyan katulusan, milanipun cariyos makaten wau kedah katulak, awit tétéla manawi cariyos dora-cara.

Pitakènan Kanjeng Nabi Luth punika nabi punapa sanès, tuwan Sale ngakeni manawi nabi, nanging tuwan Whérry mastani sanès nabi. Para titiyang Yahudi anggènipun anggambaraken Kanjeng Nabi Luth boten saé sanget, gagambaran punika dipun cangkok déning Bébel.

81 Sayekti sira iku padha anekani karep karo padha wong lanang ora karo wong wadon, lah, sira iku bangsa kang langkah.	إِنَّكُمْ لَتَأْتُونَ الرِّجَالَ شَهْوَةً مِّن دُونِ النِّسَاءِ ۚ بَلْ أَنتُمْ قَوْمٌ مُّسْرِفُونَ ﴿٨١﴾
82 Lan ora ana liya wangsulané bangsané kajaba mung padha calathu: Padha wetokna saka ing kuthanira, sayekti dhèwèké iku wong-wong kang arep anucèni dhiri.	وَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهِ إِلَّا أَن قَالُوا أَخْرِجُوهُم مِّن قَرْيَتِكُمْ ۖ إِنَّهُمْ أُنَاسٌ يَتَطَهَّرُونَ ﴿٨٢﴾
83 Mulané Ingsun anyalametaké dhèwèké dalah pandhèrèké,[917A] kajaba rabiné; iku kalebu wong kang padha kèri.	فَأَنجَيْنَاهُ وَأَهْلَهُ إِلَّا امْرَأَتَهُ كَانَتْ مِنَ الْغَابِرِينَ ﴿٨٣﴾
84 Lan Ingsun anibani udan marang dhèwèké:[918] Lah angen-angenen, kapriyé wasanané para wong kang padha dosa.	وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهِم مَّطَرًا ۖ فَانظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُجْرِمِينَ ﴿٨٤﴾

Manawi cariyos ing Purwaning Dumados 19: 30-38 punika cariyos ingkang nyata, boten saged Kanjeng Nabi Luth kagolong tiyang tulus. Kosokwangsulipun, cariyos ing Purwaning Dumados 18: 23 ingkang ngandharaken anggènipun Kanjeng Nabi Luth dipun wilujengaken nalika Sadum kalebur, punika dados pasaksèn ingkang terang manawi panjenenganipun punika tiyang tulus. Tuwan Sale ngunculaken pasaksènipun Pétrus ingkang nerangaken makaten: "Nanging angentasaké marang Luth kang mursid, kang pegel galihé awit pamblasaré wong balunat ing kono. Déné wong mursid iku mau salawasé manggèn ana ing tengah-tengahé, ing sadina-dina panggalihé mursid asekel déning pamblasaré wong akèh kang ditingali lan dipiarsa" (2 Péter 2: 7, 8). Lah, ing ngriku kasebutaken bilih Luth punika tiyang mursid lan tulus, sesebutan ingkang boten mungguh tumrap panjenenganipun, saupami cariyos ing Purwaning Dumados 19: 30-38 wau kénging dipun gega. Malah ing ngriku ugi kasebutaken bilih panjenenganipun punika sekel panggalihipun margi saking pamblasaripun titiyang Sadum; punika amratandhani manawi panjenenganipun punika wonten ing antawisipun para titiyang ing Sadum wau dados juru-amulangaken katulusan. Kinten-kinten kathah botenipun manawi namung pendhudhuk limrah kémawon sekel panggalihipun déning pamurang-sarakipun titiyang Sadum. Lan malih, punapa perlunipun Kanjeng Nabi Luth, tiyang tulus, keraya-raya pindah dhateng Sadum, dudunung ing ngriku, kempal kaliyan titiyang duraka, manawi boten karana tinanggenah ing wajib ambangun titiyang ing ngriku? Kajawi punika, kaselak mokal manawi Pangéran karsa anglebur satunggaling umat tanpa mawi kaparingan pèpènget langkung rumiyin. Lah, pèpènget wau pranyata sampun kaparingaken dhateng umat ing Sadum lantaran Kanjeng Nabi Luth.

917A. Tembung *ahl* ing ngriki dipun tafsiri ateges *para ingkang sami angèstu dhateng panjenenganipun* (Bd). Tembung wau ingkang adakan ateges *gotrah* utawi *krabat*, nunggil teges kaliyan tembung *âl*. Nanging manawi dipun tlusur tegesipun ingkang sakawit, tembung kakalih wau mengku teges ingkang langkung jembar, inggih punika nyakup *sawarnining sasambetan, kadosta warganing kulawarga* (saking tembung asal *âla*, ingkang jawinipun *gagayutan sanak*), *tunggil agami* utawi *tunggil ancas* utawi *tunggil turun*. Nanging inggih wonten bédanipun, antawisipun tembung *ahl* lan tembung *âl* wau, inggih punika: manawi *âl* punika kanggènipun namung tumrap para luhur, déné *ahl* kénging kanggé tiyang limrah punapa (Rgh).

918. *Mathr* (ingkang wantahipun *jawah*) punika inggih sok dipun anggé nembungaken dhumawa-*hing awon utawi saé*, sesa-sesa manut lésanipun. Nanging امطرهم الله (inggih punika ukara ing

RUKU' 11

Lalampahanipun Nabi Syu'aib

85–87. Nabi Syu'aib amulangaken kasawijènipun Allah. 88–93. Panjenenganipun dipun emohi, pidana lajeng dhateng.

85 Lan marang (bangsa) Madyan (Ingsun wus angutus) saduluré, Syu'aib. Dhèwèké calathu: É, bangsaku! Padha ngabdia ing Allah, sira ora duwé sesembahan liyané Panjenengané. Temen wus tumeka ing sira tandha yekti cetha saka Pangéranira: mulané padha dikebak ing panaker lan panimbang sarta aja padha angèlongi barang-barangé wong, tuwin aja gawé wisuna ing bumi sawisé anggoné dibecikaké; iku luwih becik tumrapé sira manawa sira iku padha wong angèstu:[919]

وَإِلَىٰ مَدْيَنَ أَخَاهُمْ شُعَيْبًا ۗ قَالَ يَٰقَوْمِ
اعْبُدُوا اللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُ ۖ
قَدْ جَاءَتْكُم بَيِّنَةٌ مِّن رَّبِّكُمْ
فَأَوْفُوا الْكَيْلَ وَالْمِيزَانَ وَلَا تَبْخَسُوا
النَّاسَ أَشْيَاءَهُمْ وَلَا تُفْسِدُوا فِي الْأَرْضِ
بَعْدَ إِصْلَاحِهَا ۚ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ إِن
كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٨٥﴾

Ar. *lungguh (angadhang)*

Ut. *angalang-alangi*

86 Lan aja padha *angalang-alangi* ing sawarnaning dalan wong kang angèstu ing Panjenengané, kalawan angancam sarta *anyimpangaké* saka dadalaning Allah, lan mamrih supaya iku malèncènga; sarta padha diéling

وَلَا تَقْعُدُوا بِكُلِّ صِرَاطٍ تُوعِدُونَ
وَتَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ اللَّهِ مَنْ آمَنَ
بِهِ وَتَبْغُونَهَا عِوَجًا ۚ وَاذْكُرُوا إِذْ كُنتُمْ

ayat punika) punika namung kanggé nembungaken dhumawahing siksa (Q, TA). Siksa ingkang andhawahi kaumipun Kanjeng Nabi Luth punika asring kasebut *mathr* utawi *jawah*, ing 11: 82 lan 15: 74 kasebut jawah *séla*, sarta ing 54: 34 kasebut *hâsib*, ingkang ateges *sadhéngah siksa* (nanging tegesipun ingkang sakawit *kang ambalangaké watu*). Ing 15: 74 katembungaken *shaihah*, kawimbuhan redi latu sinarengan ing lindhu, awit *shaihah* punika tegesi pun *suwanten gumuruh kados déné ingkang kelampahan manawi badhé wonten lindhu*, sarta tembung wau kanggé anembungaken lindhu (mirsanana 915).

919. Ing Quran Kanjeng Nabi Syu'aib punika kasebutaken kajawi wonten ing ayat punika ugi wonten ing panggènan ing ngandhap punika: 11: 84-95; 15: 78-79; 26: 176-191, tuwin ing 29: 36, 37. Kanjeng Nabi Syu'aib punika tedhakipun Kanjeng Nabi Ibrahim turun kaping gangsal. Madyan utawi Midyan punika namanipun ingkang putra kakung Kanjeng Nabi Ibrahim patutan saking Keturah (Purwaning Dumados 25: 2), sarta ing pinggiring Saganten Abrit, kaprenah sakidul wétanipun Redi Sina, wonten kitha ingkang ugi nama Madyan, punika padunungipun para turun-turunipun Madyan wau. Déning Ptolemy kitha wau kasebut Modiana. Limrahipun tiyang sami amastani Syu'aib punika sami kaliyan Yethro.

Dhawuh ingkang mungel: *aja angurangi manusa barang-barang* punika ateges dhawuh awisan angirangi utawi nyahak wewenangipun manusa (Bd), utawi awisan tumindak ingkang boten leres dhateng sasamining manusa tumrap barang-barangipun utawi hak-hakipun.

nalikané sira iku sathithik, tumuli Panjenengané angakèhaké sira; lan padha angen-angenen, kapriyé wusanané para kang agawé wisuna.

قَلِيلًا فَكَثَّرَكُمْ ۖ وَانْظُرُوا كَيْفَ كَانَ
عَاقِبَةُ الْمُفْسِدِينَ ﴿٨٦﴾

87 Lan manawa golonganira ana sapantha kang padha angèstu ing barang kang dakampil anggonku kautus, sarta ana sapantha kang padha ora angèstu, lah padha disabar nganti Allah amancasi antarané aku kabèh; lan Panjenenganéiku becik-beciké para jurumancasi.

وَإِنْ كَانَ طَائِفَةٌ مِنْكُمْ آمَنُوا بِالَّذِي
أُرْسِلْتُ بِهِ وَطَائِفَةٌ لَمْ يُؤْمِنُوا فَاصْبِرُوا
حَتَّىٰ يَحْكُمَ اللَّهُ بَيْنَنَا ۚ وَهُوَ خَيْرُ الْحَاكِمِينَ ﴿٨٧﴾

JUZ IX

88 Para kepala-kepalané bangsané kang padha gumedhé-gumedhé, acalathu: Yekti aku bakal ngetokaké kowé, é, Syu’aib, sarta kancamu kang padha angèstu, saka kuthaku, utawa kowé balia ing agamaku. Dhèwèké calathu: Apa! apa sanajan aku gething (marang iku)?

قَالَ الْمَلَأُ الَّذِينَ اسْتَكْبَرُوا مِنْ قَوْمِهِ
لَنُخْرِجَنَّكَ يَا شُعَيْبُ وَالَّذِينَ آمَنُوا مَعَكَ
مِنْ قَرْيَتِنَا أَوْ لَتَعُودُنَّ فِي مِلَّتِنَا ۚ قَالَ
أَوَلَوْ كُنَّا كَارِهِينَ ﴿٨٨﴾

89 Tetep agawé goroh tumrap marang Allah aku, yèn ta aku padha balia ing agamamu, ing sawisé Allah anyalametaké aku saka ing kono; lan ora layak tumrapé aku, yèn ta aku padha balia mrono, kajaba manawa Allah, Pangéranku, angarsakaké: Pangéranku iku ngélmuné anglimputi ing samubarang; marang Allah anggonku suméndhé. Pangéran kawula! mugi Tuwan amancasi antawisipun kawula *sarta* bangsa kawula kaliyan leres; sarta Tuwan punika saé-saénipun para jurumancasi.

Ar. *lan antawisipun*

قَدِ افْتَرَيْنَا عَلَى اللَّهِ كَذِبًا إِنْ عُدْنَا فِي
مِلَّتِكُمْ بَعْدَ إِذْ نَجَّانَا اللَّهُ مِنْهَا ۚ وَمَا
يَكُونُ لَنَا أَنْ نَعُودَ فِيهَا إِلَّا أَنْ يَشَاءَ اللَّهُ
رَبُّنَا ۚ وَسِعَ رَبُّنَا كُلَّ شَيْءٍ عِلْمًا ۚ عَلَى اللَّهِ
تَوَكَّلْنَا ۚ رَبَّنَا افْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا
بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِينَ ﴿٨٩﴾

وَقَالَ الْمَلَاُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ قَوْمِهٖ لَئِنِ
اتَّبَعْتُمْ شُعَيْبًا اِنَّكُمْ اِذًا لَّخٰسِرُوْنَ ﴿٩٠﴾

90 Lan kepala-kepalaning bangsané, para kang padha kafir, acalathua: Manawa kowé padha manut Syu'aib, sayekti kowé iku padha wong kapitunan.

فَاَخَذَتْهُمُ الرَّجْفَةُ فَاَصْبَحُوْا فِيْ
دَارِهِمْ جٰثِمِيْنَ ﴿٩١﴾

91 Tumuli lindhu anekani dhèwèké; mulané banjur padha dadi awak kang tan obah ana ing omahé.[920]

اَلَّذِيْنَ كَذَّبُوْا شُعَيْبًا كَاَنْ لَّمْ يَغْنَوْا
فِيْهَا ۚ اَلَّذِيْنَ كَذَّبُوْا شُعَيْبًا كَانُوْا
هُمُ الْخٰسِرِيْنَ ﴿٩٢﴾

92 Para kang padha anggorohaké Syu'aib dadi kaya-kaya ora tau manggon ana ing kono; para kang padha anggorohaké Syu'aib, iku para wong kang kapitunan.

فَتَوَلّٰى عَنْهُمْ وَقَالَ يٰقَوْمِ لَقَدْ اَبْلَغْتُكُمْ
رِسٰلٰتِ رَبِّيْ وَنَصَحْتُ لَكُمْ ۚ فَكَيْفَ
اٰسٰى عَلٰى قَوْمٍ كٰفِرِيْنَ ﴿٩٣﴾

Ar. *dhèwèké kabèh*

93 Mulané dhèwèké aninggal *bangsané* sarta calathu: É, Bangsaku, sayekti temen aku iki anekakaké marang sira ayahané Pangéranku sarta aku apitutur becik marang sira, mulané kapriyé olèhku bakal sedih tumrap bangsa kang padha kafir?[921]

RUKU' 12

Para titiyang Makkah dipun pèpèngeti badhé dhumawahing pidana

94, 95. Punapa perlunipun kasusahan dipun dhatengaken. 96–99. Pidana punika cawisanipun para ingkang angemohi Kanjeng Nabi.

وَمَآ اَرْسَلْنَا فِيْ قَرْيَةٍ مِّنْ نَّبِيٍّ اِلَّآ اَخَذْنَآ
اَهْلَهَا بِالْبَأْسَآءِ وَالضَّرَّآءِ لَعَلَّهُمْ يَضَّرَّعُوْنَ ﴿٩٤﴾

94 Lan Ingsun ora angutus sawijining Nabi ing sajroning nagara, kajaba masthi wongé (ing kono) Ingsun tekani kasusahan sarta kasangsaran, supaya padha adhedhépéa.[922]

920. Siksa punika kasebutaken kaping kalih, sapisan kasebut *rajfah*, jawinipun *lindhu*, kaping kalih kasebut *shaihah* wonten ing 11: 94, ingkang ugi mengku teges lindhu.

921. Kanjeng Nabi Muhammad saw. punika nadyan di kados punapa sangetipun anggènipun dipun mengsahi, suprandéné sikepipun Kanjeng Nabi dhateng mengsah-mengsahipun kasebutaken makaten: "Bokmanawa ta nganti sira anglalu jiwanira saking prihatin amarga dhèwèké padha ora angèstu" (26:3).

922. *Mirsanana kaca candhakipun.*

Ar. *ala*
Ar. *kabecikan*

Ar. *anggrayang*

95 Tumuli kang mauné *kasusahan*[925] Ingsun salini *katentreman*, nganti mundhak cacah jiwané sarta padha calathu: Temen kasangsaran lan karaharjan iku wus *anekani* bapak-bapakku. Tumuli padha Ingsun pundhut kalawan tanpa antan-antan sarta padha ora rumasa.

ثُمَّ بَدَّلْنَا مَكَانَ السَّيِّئَةِ الْحَسَنَةَ حَتّٰى
عَفَوْا وَّقَالُوْا قَدْ مَسَّ اٰبَآءَنَا الضَّرَّآءُ
وَالسَّرَّآءُ فَاَخَذْنٰهُمْ بَغْتَةً وَّهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ﴿٩٥﴾

96 Lan manawa wongé kutha-kutha iku padha angèstu sarta anjaga awaké (saka ing ala), yekti Ingsun angengakaké nugraha-nugraha saka ing langit lan bumi marang dhèwèké, ananging dhèwèké padha anggorohaké, mulané padha Ingsun patrapi, amarga saka pakolihing (tindaké).

وَلَوْ اَنَّ اَهْلَ الْقُرٰٓى اٰمَنُوْا وَاتَّقَوْا لَفَتَحْنَا
عَلَيْهِمْ بَرَكٰتٍ مِّنَ السَّمَآءِ وَالْاَرْضِ وَلٰكِنْ
كَذَّبُوْا فَاَخَذْنٰهُمْ بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ﴿٩٦﴾

97 Apa! apa wongé kutha-kutha iku rumasa aman saka siksa-Ningsun kang anekani dhèwèké ing wayah bengi, sajroné padha turu?

اَفَاَمِنَ اَهْلُ الْقُرٰٓى اَنْ يَّأْتِيَهُمْ بَأْسُنَا
بَيَاتًا وَّهُمْ نَآئِمُوْنَ ﴿٩٧﴾

98 Apa! apa wongé kutha-kutha rumasa aman saka siksa-Ningsun kang anekani dhèwèké ing wayah ésuk, sajroné padha dolanan?[926]

اَوَاَمِنَ اَهْلُ الْقُرٰٓى اَنْ يَّأْتِيَهُمْ بَأْسُنَا
ضُحًى وَّهُمْ يَلْعَبُوْنَ ﴿٩٨﴾

Pangandikanipun Kanjeng Nabi Syu'aib ingkang kasebutaken wonten ing ayat punika mengku teges, bilih panjenenganipun sampun katog anggènipun maringi pèpènget dhateng umatipun, dados panjenenganipun sampun nama boten lepat, manawi umatipun wau boten angsal piguna saking pituturipun ingkang saé.

922. Lalampahanipun umat-umat punika kakarsakaken kanggé pèpènget dhateng para titiyang Quraisy. Bab punika sampun terang. Makaten ugi inggih sampun cetha bilih kasusahan lan kasangsaran punika samangsa kadhawahaken dhateng satunggaling kaum, inggih mengku hikmah (kawicaksanan) kanggé nyaèkaken ruhaninipun kaum wau, *supaya padha adhedhépéa*. Pangandika punika kénging kasuraos anyasmitakaken paceklik ageng, ingkang kasebutaken kalayan langkung terang malih wonten ing 44: 10, 11.

925. *Saé* lan *awon* ing ngriki ateges *sakéca* lan *kasangsaran* (Rz).

926. *Dluha* ingkang ing ngriki dipun tegesi *ing wayah ésuk*, punika wiwitipun ing sasampuning mlethèkipun surya; sawenèh malih amastani nalika surya sampun radi inggil (TA-LL). Tembung wau rimbagan saking tembung kriya *dlahâ,* jawinipun *dadi pratéla*, sarta tembung wau kanggé tumrap wekdal wiwit surya sumorot anelahi ngantos manawi sampun sawatawis inggil. *Dodolanan* ing ngriki kénging kasuraos kalayan walaka, utawi inggih kénging kasuraos padamelan donya ingkang andadosaken para titiyang wau sami ketungkul, ngantos anglirwakaken gagayuhan ingkang luhur.

99 Apa! lah apa padha rumasa aman saka rancanganing Allah? Ananging ora ana kang rumasa aman saka rancanganing Allah, kajaba wong-wong kang bakal sirna.

أَفَأَمِنُوا مَكْرَ اللَّهِ ۚ فَلَا يَأْمَنُ مَكْرَ
اللَّهِ إِلَّا الْقَوْمُ الْخَاسِرُونَ ﴿٩٩﴾

RUKU' 13

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

100—102. Pandumipun para umat ing rumiyin punika dados pèmut. 103—105. Kanjeng Nabi Musa andhatengakaken ayahanipun dhateng Fir'aun. 106—108. Tandha-tandha kasuwun sarta inggih katedahaken.

100 Apa ta ora terang tumrapé para kang padha amaris bumi ing sapungkuré kang angenggoni (mauné), yèn, upama Ingsun angarsakna, bakal padha Ingsun patrapi amarga saka dosané sarta bakal padha Ingsun ecap atiné; wusana bakal padha ora krungu.[927]

أَوَلَمْ يَهْدِ لِلَّذِينَ يَرِثُونَ الْأَرْضَ مِنْ
بَعْدِ أَهْلِهَا أَنْ لَوْ نَشَاءُ أَصَبْنَاهُمْ بِذُنُوبِهِمْ ۚ
وَنَطْبَعُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ فَهُمْ لَا يَسْمَعُونَ ﴿١٠٠﴾

101 Iki kutha-kutha – Ingsun anyaritakaké marang sira sawenèhing carita-caritané, lan sayekti temen para utusané wus anekani dhèwèké kalawan bukti-bukti, ananging dhèwèké padha ora arep angèstu ing barang kang mauné padha digorohaké; kaya mangkono Allah angecap marang ati-atiné para wong kafir.

تِلْكَ الْقُرَىٰ نَقُصُّ عَلَيْكَ مِنْ أَنْبَائِهَا ۚ
وَلَقَدْ جَاءَتْهُمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنَاتِ ۚ فَمَا
كَانُوا لِيُؤْمِنُوا بِمَا كَذَّبُوا مِنْ قَبْلُ ۚ
كَذَٰلِكَ يَطْبَعُ اللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِ الْكَافِرِينَ ﴿١٠١﴾

102 Lan Ingsun ora nemu (kasetyané marang) janji ing kèkèhané dhèwèké, lan Ingsun anemu kèkèhané dhèwèké iku temen padha wong murang yekti,

وَمَا وَجَدْنَا لِأَكْثَرِهِمْ مِنْ عَهْدٍ ۚ وَإِنْ
وَجَدْنَا أَكْثَرَهُمْ لَفَاسِقِينَ ﴿١٠٢﴾

927. Punika anedahaken punapa sababipun lan manawi kados pundi Allah angecap manah. Inggih punika: anggènnipun manusa nindakakaken dosa punika ingkang murugaken piyambakipun angsal kasusahan saking Allah, ing wasananipun manah ingkang kados makaten wau lajeng kaecap, temahan "dhèwèké padha ora krungu." Bab punika kagamblangaken malih déning ayat candhakipun. Allah angarsakaken manusa samia angèstu; Panjenenganipun maringi bukti-bukti ingkang cetha, nanging manusa angemohi, tetep mantep dhateng kakafiranipun. Dados, capipun Allah punika lugu namung tetengering anggènipun sami niyat ambangkang boten purun angèstu, nadyan di kados punapa kémawon.

103 Tumuli, ing sapungkuré Musa akanthi timbalan-timbalan-Ingsun marang Fir'aun lan para wong gedhéné, ananging padha ora angèstu marang iku;[a] lah angen-angenen, kapriyé wusanané para kang agawé wisuna.[925A]

a. 860

ثُمَّ بَعَثْنَا مِنْ بَعْدِهِمْ مُّوْسٰى بِاٰيٰتِنَآ
اِلٰى فِرْعَوْنَ وَ مَلَا۠ئِهٖ فَظَلَمُوْا بِهَا ۚ فَانْظُرْ
كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُفْسِدِيْنَ ۝١٠٣

104 Lan Musa acalathu: Dhuh, (raja) Fir'aun! saèstu kula punika utusan saking Pangéraning ngalam sadaya:

وَ قَالَ مُوْسٰى يٰفِرْعَوْنُ اِنِّيْ رَسُوْلٌ مِّنْ
رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝١٠٤

105 (Kula punika) layak boten angucapaken punapa-punapa ing atasing Allah, kajawi ingkang nyata: saèstu kula andhatengi paduka kalayan bukti saking Pangéran paduka; milanipun para turuning Israil sami kadhawuhana anyartani kula.

حَقِيْقٌ عَلٰٓى اَنْ لَّآ اَقُوْلَ عَلَى اللّٰهِ اِلَّا الْحَقَّ ؕ
قَدْ جِئْتُكُمْ بِبَيِّنَةٍ مِّنْ رَّبِّكُمْ
فَاَرْسِلْ مَعِيَ بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ ؕ ۝١٠٥

106 Calathuné: Manawa tekanira kalawan tandha, lah coba iku tekakna, manawa sira iku éwoning para wong temen.

قَالَ اِنْ كُنْتَ جِئْتَ بِاٰيَةٍ فَاْتِ بِهَآ
اِنْ كُنْتَ مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ۝١٠٦

107 Mulané dhèwèké banjur anguncalaké tekené, lah padha sakala, iku terang ula,

فَاَلْقٰى عَصَاهُ فَاِذَا هِيَ ثُعْبَانٌ مُّبِيْنٌ ۚ ۝١٠٧

108 Lan dhèwèké andudut tangané, lah padha sakala, iku putih tumrap para kang padha andeleng.[926]

وَّ نَزَعَ يَدَهٗ فَاِذَا هِيَ بَيْضَآءُ لِلنّٰظِرِيْنَ ۝١٠٨

925A. Nalika marsitakaken bab pambagugukipun tiyang Israil, lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa sampun kasebutaken kalayan cekak. Nanging ing ngriki badhé kasebutaken malih kalayan langkung jalèntrèh, kawiwitan wonten ing ruku' ingkang kaping 21. Déné sababipun kajalèntrèhaken punika margi Kanjeng Nabi Muhammad saw. punika – manawi angèngeti piweca-piwecanipun Kanjeng Nabi Musa – langkung mèmper kaliyan Kanjeng Nabi Musa katimbang lan nabi sanès-sanèsipun. Ing Quran lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa punika kasebutaken wonten ing panggènan-panggènan kados ing ngandhap punika: 2: 49-71; 4: 153; 5: 20-26; 7: 103-156; 10: 75-92; 11: 96-99; 17: 101-104; 18: 60-82; 19: 51, 52; 20: 9-98; 23: 45-49; 26: 10-68; 27: 7-14; 28: 3-44; 37: 114-122; 40: 23-55; 43: 46-56; 44: 17-33; 51: 38-40; 61: 5, tuwin 78: 15-26.

926. Lah, punika contonipun malih kayektèning pratélanipun Quran, samangsa cengkah kaliyan Bébel, ingkang anedahaken bilih andharanipun Bébel boten jangkep. Wonten ing "Pangentasan" bab

RUKU' 14

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

109-119. Para ahli kemayanipun Fir'aun sami lumawan dhateng Kanjeng Nabi Musa. 120-126. Para ahli kemayan sami angèstu dhateng Nabi Musa.

109 Para panggedhéné wongé Fir'aun acalathu: Sayekti iki ahli kemayan kang sugih kawruh.	قَالَ الْمَلَأُ مِنْ قَوْمِ فِرْعَوْنَ إِنَّ هَٰذَا لَسَاحِرٌ عَلِيمٌ ﴿١٠٩﴾

ingkang kaping sakawan kasebutaken kalayan cetha bilih Kanjeng Nabi Musa kaparingan tandha yekti warni kalih, inggih punika agemipun teken ingkang saged malih dados sawer tuwin astanipun ingkang saged santun warni pethak samangsa kaslobokakaken dhateng tangkebing rasukanipun. Sarta malih, Pangentasan 4: 8 nyebutaken kalayan terang Kanjeng Nabi Musa kadhawuhan anggelar tandha yekti warni kalih wau dhateng Fir'aun. Nanging bab ingkang kaping pitu, ingkang angandharaken nalika Kanjeng Nabi Musa anggelar tandha yekti wonten ing ngajengipun Fir'aun, namung anyebutaken pangéram-éram teken ingkang lajeng katampik. Sampun cetha, nalika tandha yekti ingkang kaping kalih; awit kaselak mokal manawi panjenenganipun ambangkang dhawuhipun Pangéran, sarta malih mesthi botenipun pangéram-éram ingkang angka kalih wau atanpa gina.

Prakawis sanès ingkang perlu dados pamanahan inggih punika bab kawontenanipun ingkang sajatos mukjizat utawi pangéram-éram wau. Kados déné ingkang sampun kasebutaken wonten ing dalem Quran, tekenipun Kanjeng Nabi Musa punika teken limrah kémawon: "Kawula anggé teteken saha kawula anggé anggepyokakaken rarambanan ménda kawula, tuwin kawula anggé sanès-sanèsipun" (20: 18). Ing Quran boten wonten pangandika ingkang anyebutaken bilih saben teken wau kadhawahaken mesthi lajeng dados sawer. Dalasan nalika titiyang Israil wonten ing salebeting babaya ageng Kanjeng Nabi Musa boten migunakaken teken wau. Namung kaping kalih teken wau kasebutaken dados sawer, inggih punika: (1) nalika Kanjeng Nabi Musa sumiwi wonten ing ngarsanipun Pangéran sadèrèngipun ngrawuhi raja Fir'aun; (2) nalika panjenenganipun rawuh ingkang sapisan ing ngarsanipun raja Fir'aun, sarta inggih namung ambal kaping kalih punika astanipun dados pethak.

Ingkang saambalan sampun terang manawi malihipun warni teken dados sawer punika namung kapirsanan Kanjeng Nabi Musa piyambak, ing kalaning panjenenganipun sumiwi wonten ing ngarsanipun Pangéran; dados sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi punika kawontenan luyut – inggih punika: kawontenan, ingkang ing nalika punika ing sawatawis wekdal tiyang ngambah ing laladan ruhani. Kawontenan wau kawontenan ingkang dipun alami déning para andika nabi tuwin para tiyang tulus sanès-sanèsipun samangsa sami nampèni wahyuning Pangéran. Sampun cetha manawi punika sanès kawontenan tilem, nanging ugi sampun terang manawi punika kawontenan, ingkang nalika punika manawi manusa sumengka ing ngaluhur uwal saking pangaribawanipun kawadhagan, saged nyumerepi barang-barang ingkang boten saged tiningalan ing mripat wadhag, sarta saged mirengaken barang-barang ingkang pancènipun boten saged kapireng ing talingan wadhag. Dados sampun cetha bilih ingkang sarambahan wau, Kanjeng Nabi Musa mirsani malihipun warni teken lan asta wau ing kalanipun ngalami kawontenan saminipun manawi panjenenganipun tampi wahyu.

Ambalan ingkang kaping kalih wonten bédanipun kaliyan ingkang sapisan, awit kajawi Kanjeng Nabi Musa wonten tiyang sanès-sanèsipun ingkang sumerep malihipun warni teken lan astanipun Kanjeng Nabi Musa. Umum angakeni bilih dayaning luyut punika kala-kala sakalangkung déning kiyat, ngantos tiyang sanès saged tumut ngraosaken. Rèhning tekenipun Kanjeng Nabi Musa punika boten anggadhahi sisifatan malih dados sawer saben-saben kadhawahan, sarta rèhning malihipun warni wau namung kelampahan kaping kalih, bobontosaning pamikir boten sanès kajawi: malihing warni wau kalampahanipun nalika tampi wahyu.

Suprandéné punapa ingkang kagelar punika boten teka namung mainan blaka. Wondéné kasunyatan agung ingkang kawengku wonten ing malihing *'asha* utawi teken dados sawer, inggih punika: para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Musa, ingkang kawarna teken, punika mesthi badhé menang

110 Karepé arep angetokaké kowé saka ing nagaramu; mulané padha kapriyé rembugmu?[927]

يُرِيدُ أَنْ يُخْرِجَكُمْ مِنْ أَرْضِكُمْ ۖ فَمَاذَا تَأْمُرُونَ ١١٠

111 Dhèwèké padha calathu: Piyambakipun mugi kadhawuhan angentosi, sarta mugi paduka kaparenga utusan para juru-angempalaken ing kitha-kitha:

قَالُوا أَرْجِهْ وَأَخَاهُ وَأَرْسِلْ فِي الْمَدَائِنِ حَاشِرِينَ ١١١

112 Supados sami ambekta sawarnining ahli kemayan ingkang sugih kawruh dhateng ngarsa paduka.

يَأْتُوكَ بِكُلِّ سَاحِرٍ عَلِيمٍ ١١٢

113 Para ahli kemayan padha teka marang Fir'aun, aturé: Saèstu kawula kedah sami angsal pituwas, manawi kawula ingkang sami menang.[928]

وَجَاءَ السَّحَرَةُ فِرْعَوْنَ قَالُوا إِنَّ لَنَا لَأَجْرًا إِنْ كُنَّا نَحْنُ الْغَالِبِينَ ١١٣

114 Dhèwèké calathu: Iya, sarta sira yekti bakal dadi éwoné wong kang padha kaparek (marang aku).

قَالَ نَعَمْ وَإِنَّكُمْ لَمِنَ الْمُقَرَّبِينَ ١١٤

115 Dhèwèké padha calathu: É, Musa, apa kowé arep anguncalaké, apa aku kang padha anguncalaké dhisik?

قَالُوا يَا مُوسَىٰ إِمَّا أَنْ تُلْقِيَ وَإِمَّا أَنْ نَكُونَ نَحْنُ الْمُلْقِينَ ١١٥

116 Calathuné: Padha anguncalna! Lah bareng wis padha anguncalaké, (banjur) padha ambawur pandelengé wong-wong sarta padha anggigiris tuwin anekaké kemayan kang gedhé.

قَالَ أَلْقُوا ۖ فَلَمَّا أَلْقَوْا سَحَرُوا أَعْيُنَ النَّاسِ وَاسْتَرْهَبُوهُمْ وَجَاءُوا بِسِحْرٍ عَظِيمٍ ١١٦

---

kaliyan mengsah-mengsahipun. Déné maksud ingkang kawengku wonten ing mukjizat asta dados pethak, inggih punika: bukti-buktinipun Kanjeng Nabi Musa badhé sumunar anelahi tur cetha awéla-wéla.

Katranganipun lalampahan warni kalih wau kasebutaken wonten ing 1581 tuwin 1582.

927. *Amr* ing ngriki mengku teges *nyukani pamrayogi* utawi *nyukani rembug*. Sawenèh wonten ingkang nerangaken *murnî* jawinipun: *aku wènèhana rembug* utawi *aku wènèhana pamrayoga* (A-LL). Cetha ukara wau wicantenipun raja Fir'aun.

928. Mirsanana Pangentasan 7: 11 "Fir'aun banjur iya animbali para wong wasis lan para juru-tenung."

117 Lan Ingsun aparing dhawuh marang Musa kalawan pangandika: Uncalna tekenira! Lah padha sakala, iku anguntali sabarang sulapané.[929]

وَأَوْحَيْنَآ إِلَىٰ مُوسَىٰٓ أَنْ أَلْقِ عَصَاكَ ۖ فَإِذَا
هِيَ تَلْقَفُ مَا يَأْفِكُونَ ﴿١١٧﴾

118 Lah barang nyata wis tetep lah wus jugar apa kang wus padha dilakoni.

فَوَقَعَ الْحَقُّ وَبَطَلَ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١١٨﴾

119 Lah ing kono dhèwèké padha kalindhih sarta padha bali dadi asor.

فَغُلِبُوا هُنَالِكَ وَانْقَلَبُوا صٰغِرِينَ ﴿١١٩﴾

120 Lan para ahli kemayan padha karubuhaké, padha sumungkem.

وَأُلْقِيَ السَّحَرَةُ سٰجِدِينَ ﴿١٢٠﴾

121 Padha calathu: Kula sami angèstu dhateng Pangéranipun ngalam sadaya:

قَالُوٓا آمَنَّا بِرَبِّ الْعٰلَمِينَ ﴿١٢١﴾

122 Pangéranipun Musa lan Harun.[930]

رَبِّ مُوسٰى وَهٰرُونَ ﴿١٢٢﴾

123 Fir'aun calathu: Apa kowé angèstu ing dhèwèké sadurungé aku angidini marang kowe? Sayekti iki temen sandi upaya kang padha korancang sajroning kutha, pamrihmu arep padha angetokaké wongé saka ing kono; ananging kowé bakal padha weruh:

قَالَ فِرْعَوْنُ آمَنْتُمْ بِهٖ قَبْلَ أَنْ آذَنَ
لَكُمْ ۖ إِنَّ هٰذَا لَمَكْرٌ مَكَرْتُمُوهُ فِي الْمَدِينَةِ
لِتُخْرِجُوا مِنْهَآ أَهْلَهَا ۖ فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ﴿١٢٣﴾

929. Mirsanana Pangentasan 7: 12 "Sawiji-wijiné iya padha ambuwang tekené, lan tekené iya padha dadi ula; nanging lantarané Harun anguntal marang tekené para sikir mau." Punapa ingkang kagelar déning para juru-kemayan kasebut *sabarang sulapané*, punika anedahaken kawontenanipun ingkang sajati kemayanipun para juru-kemayan wau. Sadaya apus krama lan panggorohan. Salajengipun mirsanana 1591.

930. Bébel boten anerangaken bab wontenipun juru-kemayan ingkang sami angèstu dhateng Pangéraning Ngalam sadaya, inggih Pangéran ingkang angutus Kanjeng Nabi Musa punapa déné angèstu bilih ayahan ingkang kaampil Kanjeng Nabi Musa pranyata saking Pangéran. Nanging ing kitab-kitab agami Yahudi kasebutaken, kadosta kasebutaken bilih sawenèh tiyang Mesir wonten ingkang andhèrèk Kanjeng Nabi Musa nalika panjenenganipun wau linggar saking tanah Mesir, ingkang dipun kiyataken déning cariyos ing Bébel makaten: "Ana wong golongan akèh warna-warna bangsané padha mèlu budhal" (Pangentasan 12: 38). "Nalika pundhat wawangené Nabi Musa tumedhak saka ing gunung, wong Mesir padha teka byuk-byukan patangpuluh èwu cacahé, kanthi dipandhégani juru-kemayan Mesir loro, Yanos lan Yambros yaiku juru kemayan kang nirokaké Nabi Musa anggelar

124 Sayekti aku bakal padha angethok tangan-tanganmu lan sikil-sikilmu seling sisih, tumuli temen bakal padha dak penthèng kabèh.

لَأُقَطِّعَنَّ أَيْدِيَكُمْ وَأَرْجُلَكُم مِّنْ
خِلَافٍ ثُمَّ لَأُصَلِّبَنَّكُمْ أَجْمَعِينَ ﴿١٢٤﴾

125 Dhèwèké padha calathu: Saèstu, dhateng Pangéran kawula anggèn kawula sami badhé wangsul:

قَالُوٓا إِنَّآ إِلَىٰ رَبِّنَا مُنقَلِبُونَ ﴿١٢٥﴾

126 Saha Panjenengan boten badhé anandukaken wawales, kajawi amargi anggèn kula sami angèstu ing timbalan-timbalanipun Pangéran kula nalika sami dumugi ing kula: Pangéran kawula! Mugi Tuwan anjawahaken kasabaran dhateng kawula saha mugi Tuwan andadosaken pejah kawula sumarah.

وَمَا تَنقِمُ مِنَّآ إِلَّآ أَنْ ءَامَنَّا بِـَٔايَٰتِ رَبِّنَا لَمَّا
جَآءَتْنَا ۚ رَبَّنَآ أَفْرِغْ عَلَيْنَا صَبْرًا وَتَوَفَّنَا مُسْلِمِينَ ﴿١٢٦﴾

RUKU' 15

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

127. Angambali panganiaya dhateng para turun Israil. 128, 129. Kanjeng Nabi Musa andhawuhaken supados sami sabar saha anyagahi kamardikan lan kamenangan.

127 Lan para gedhéné wongé Fir'aun calathu: Punapa Panjenengan kèndelaken kémawon Musa dalah titiyangipun sami adamel wisuna ing bumi saha anilar Panjenengan sarta sesembahan Panjenengan? Calathuné: Aku bakal matèni anak-anaké lanang sarta anguripi para wadoné, lan sayekti aku iki kang murba-wisésa marang dhèwèké.[931]

وَقَالَ ٱلْمَلَأُ مِن قَوْمِ فِرْعَوْنَ أَتَذَرُ مُوسَىٰ
وَقَوْمَهُۥ لِيُفْسِدُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ وَيَذَرَكَ
وَءَالِهَتَكَ ۚ قَالَ سَنُقَتِّلُ أَبْنَآءَهُمْ وَنَسْتَحْىِۦ
نِسَآءَهُمْ وَإِنَّا فَوْقَهُمْ قَٰهِرُونَ ﴿١٢٧﴾

tandha yakti lan wewelak kang ngenani tanah Mesir kaé" (*Yewish Ėncy*). Juru-kemayan kakalih wau ugi kasebutaken namanipun wonten ing 2 Timotius 3: 8. Punika ugi anélakaken kayektèning pratélan ing Quran saha anélakaken boten jangkepipun cariyos ing Bébel.

931. Tembung ingkang dipun jarwani "kang murba-wisésa" punika tembung *qâhir*, ingkang tegesipun *tiyang ingkang menang, nelukaken* utawi *nglindhih tiyang sanès* (LL).

قَالَ مُوْسٰى لِقَوْمِهِ اسْتَعِيْنُوْا بِاللّٰهِ
وَاصْبِرُوْا ۚ اِنَّ الْاَرْضَ لِلّٰهِ ۙ يُوْرِثُهَا مَنْ
يَّشَآءُ مِنْ عِبَادِهٖ ۗ وَالْعَاقِبَةُ لِلْمُتَّقِيْنَ ﴿١٢٨﴾

128 Musa acalathu marang wongé: Padha nyuwuna pitulung ing Allah sarta padha disabar: sayekti bumi iku kagungané Allah; iku Panjenengané amarisaké marang kawula-Né, sapa kang dadi kapareng-É, lan wekasan (kang becik) iku kadarbé para kang anjaga dhiriné (saka ing ala).

قَالُوْٓا اُوْذِيْنَا مِنْ قَبْلِ اَنْ تَأْتِيَنَا وَمِنْۢ
بَعْدِ مَا جِئْتَنَا ۗ قَالَ عَسٰى رَبُّكُمْ اَنْ
يُّهْلِكَ عَدُوَّكُمْ وَيَسْتَخْلِفَكُمْ فِى الْاَرْضِ
فَيَنْظُرَ كَيْفَ تَعْمَلُوْنَ ۧ ﴿١٢٩﴾

129 Dhèwèké padha calathu: Kula punika sami dipun sia-sia saking sadèrèngipun panjenengan
Ar. *kula* rawuh ing *ngriki* sarta sasampun-
Ar. *kula* ipun panjenengan rawuh ing *ngri-ki*. Calathuné: Manawa-manawa Pangéranira karsa anyirnakaké mungsuhira sarta amisuda sira dadi pamaréntah ing bumi; tumuli Panjenengané bakal amirsani kapriyé panggawénira.[932]

RUKU' 16

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

130-135. Titiyang Mesir kadhatengan kasusahan warni-warni. 136, 137. Piyambakipun sami keblabak sarta para turun Israil sami wilujeng. 138-141. Para turun Israil sami tumiyung manahipun dhateng brahala.

وَلَقَدْ اَخَذْنَآ اٰلَ فِرْعَوْنَ بِالسِّنِيْنَ
وَنَقْصٍ مِّنَ الثَّمَرٰتِ لَعَلَّهُمْ يَذَّكَّرُوْنَ ﴿١٣٠﴾

130 Lan sayekti temen Ingsun wus amatrapi wong-wongé Fir'aun
a. 935 kalawan bethatan sarta sudaning woh-wohan[a] supaya dhèwèké padha élinga.

فَاِذَا جَآءَتْهُمُ الْحَسَنَةُ قَالُوْا لَنَا هٰذِهٖ ۚ
وَاِنْ تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌ يَّطَّيَّرُوْا بِمُوْسٰى وَ

131 Anaging samangsa becik tumeka marang dhèwèké, padha calathu: Iki labet saka aku dhéwé; lan manawa ala angenani dhèwèké, padha dilabetaké saka kojuré Musa

932. *Ing bumi* punika ingkang dipun karsakaken *Tanah ingkang kajanjèkaken*, awit inggih mriku punika ingkang katuju Kanjeng Nabi Musa sapandhèrèkipun. Anggènipun kadadosaken tiyang ingkang maréntah wonten ing bumi punika mawi janji manawi sami anindakaken kasaénan. Bab punika kasasmitakaken wonten ing wekasaning pangandika ing ayat punika.

sakanthiné; sayekti, kojuré iki mung saka ngarsaning Allah, ananging kèh-kèhané padha ora weruh.[933]

مَنْ مَّعَهٗ ۗ اَلَآ اِنَّمَا طٰٓئِرُهُمْ عِنْدَ اللّٰهِ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ﴿١٣١﴾

132 Sarta padha calathu: Kowé nekakna tandha apa baé marang aku, kang supaya aku kena ing kemayan, lah ora bakal aku padha angèstu marang kowé.

وَقَالُوْا مَهْمَا تَاْتِنَا بِهٖ مِنْ اٰيَةٍ لِّتَسْحَرَنَا بِهَا ۙ فَمَا نَحْنُ لَكَ بِمُؤْمِنِيْنَ ﴿١٣٢﴾

133 Mulané Ingsun angutus pageblug[934] anekani dhèwèké sarta ama walang lan tengu, kodhok tuwin getih tandha-tandha kang terang-awijang;[935] ananging dhèwèké padha ambeg gumedhé lan dhèwèké iku bangsa kang dosa.

فَاَرْسَلْنَا عَلَيْهِمُ الطُّوْفَانَ وَالْجَرَادَ وَالْقُمَّلَ وَالضَّفَادِعَ وَالدَّمَ اٰيٰتٍ مُّفَصَّلٰتٍ ۗ فَاسْتَكْبَرُوْا وَكَانُوْا قَوْمًا مُّجْرِمِيْنَ ﴿١٣٣﴾

---

933. Kacariyos para titiyang Yahudi sami amastani manawi sawenèh saking kacilakan ingkang kasandhang punika margi saking rawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad saw., wicantenipun: "Reregan saya munggah andedel, udan saya kurang" (Rz). Ambokmanawi ingkang dipun kajengaken punika paceklik ageng. Para titiyang Mesir ugi kataman paceklik sarta sami amastani manawi anggènipun nandhang kacilakan punika margi saking Kanjeng Nabi Musa. Nanging para titiyang wau sami kadhawuhan, bilih anggènipun sami nandhang cilaka punika margi saking pandamelipun piyambak ingkang awon. Tembung *thâir*, wantahipun ateges *peksi*, kanggé anembungaken nasib awon, punika mengku maksud ingkang lebet, sarta punika nyasmitakaken gugon-tuhonipun bangsa Arab. Kacariyos bangsa Arab punika asring sami methèk badhé dhatenging awon saking suwantening peksi gagak tuwin saking peksi ingkang ngener mangiwa (LL).

934. Miturut Rgh, *thûfân* punika tegesipun ingkang asli *sadhéngah babaya ingkang namani manusa saking sadaya arah*, awit saking punika tembung wau ugi kanggé nembungaken *banjir ageng.* Miturut TA, *thûfân* punika ateges *pejah*, utawi *pepejah ingkang nyrambahi*; utawi *pepejah ingkang sakalangkung déning kathah* (LL). Dados tembung wau saged mengku teges *wewelak ingkang mahanani wontenipun pepejah ingkang kathah sanget* utawi saged mengku teges *banjir ageng.* Bkh anjarwani tegesipun ingkang sajati *thûfân* punika الموت الكثير \ *pepejah ingkang kathah.*

935. Bébel anyebutaken tandha-tandha yekti ing ngandhap punika: (1) toya malih dados rah; (2) kodhok; (3) tengu; (4) laler cacak; (5) pangeblug kéwan lan manusa; (6) jawah woh; (7) walang; (8) pepeteng; (9) wewelak ingkang tumempuh dhateng sakathahing anak pambajeng. Wewelak wau sadaya ingkang kasebutaken ing Quran kalayan tetembungan ingkang terang namung ingkang angka satunggal, kalih, tiga, lan angka pitu. Ingkang kasebut ing angka sakawan sampun kawengku ing angka tiga; angka gangsal lan angka sanga kasebutaken sareng: *thûfân* utawi *pepejah ingkang nyrambahi*; jawah woh boten kasebutaken, nanging risakipun wowohan ingkang kajalaran jawah woh wau kasebutaken wonten ing ayat ingkang angka 103; pepeteng boten kasebutaken, minangka gentosipun kasebutaken *awis toya* ing ayat wau ugi, sajakipun punika ingkang saèstu, sarta sajakipun pepeteng punika namung wahananipun kémawon, éntar utawi inggih walaka, awit angin ageng lan prahara ageng punika saged mahanani pepeteng, langkung-langkung ing masa awis toya (ketiga). Tandha yekti warni kalih ingkang kasebut ing ayat 130, kaliyan gangsal ing ayat punika, dados tandha yekti pipitu, ingkang manawi kawewahan tandha yekti warni kalih, teken dados sawer lan asta dados pethak, dados tandha yekti warni sanga ingkang kasebut ing 17: 101 tuwin 27: 12.

134 Lan bareng wewelak[936] anibani dhèwèké, padha calathu: O, Musa, sampéyan nyuwunaken kula dhateng Pangéran sampéyan punapa janji-Nipun kaliyan sampéyan; manawi sampéyan anyirnakaken wewelak punika saèstu kula badhé sami angèstu dhateng sampéyan, sarta saèstu kula badhé sami akèn para turun Israil anyartani sampéyan.

وَلَمَّا وَقَعَ عَلَيْهِمُ الرِّجْزُ قَالُوا يٰمُوسَى
ادْعُ لَنَا رَبَّكَ بِمَا عَهِدَ عِنْدَكَ ۚ لَئِنْ
كَشَفْتَ عَنَّا الرِّجْزَ لَنُؤْمِنَنَّ لَكَ
وَلَنُرْسِلَنَّ مَعَكَ بَنِيٓ إِسْرَآءِيلَ ﴿١٣٤﴾

135 Ananging bareng Ingsun wus anyirnakaké wewelak saka ing
Ar. dhèwèké *kono* tumeka semayané mangsa, kang dhèwèké bakal tumeka ing kono, padha sakala padha ambalik (janjiné).[937]

فَلَمَّا كَشَفْنَا عَنْهُمُ الرِّجْزَ إِلَىٰٓ أَجَلٍ هُمْ
بٰلِغُوهُ إِذَا هُمْ يَنْكُثُونَ ﴿١٣٥﴾

136 Mulané dhèwèké padha Ingsun patrapi wawales sarta padha
a. 82 Ingsun kelem ing sagara[a] marga anggoné anggorohaké tandha-tandha-Ningsun sarta anggoné padha anglirwakaké marang iku.

فَانْتَقَمْنَا مِنْهُمْ فَأَغْرَقْنٰهُمْ فِي الْيَمِّ بِأَنَّهُمْ
كَذَّبُوا بِاٰيٰتِنَا وَكَانُوا عَنْهَا غٰفِلِينَ ﴿١٣٦﴾

137 Lan Ingsun amarisaké bumi wétanan lan kang kulonan, kang ing kono wus Ingsun barkahi, marang bangsa kang padha dianggep apes lan wis sampurna sabdaning Pangéranira kang utama ana ing turuning Israil amarga anggoné padha ambek sabar; lan Ingsun anyirnakaké sabarang yayasané Fir'aun lan wongé lan apa kang wus padha didegaké.[938]

وَأَوْرَثْنَا الْقَوْمَ الَّذِينَ كَانُوا يُسْتَضْعَفُونَ
مَشٰرِقَ الْأَرْضِ وَمَغٰرِبَهَا الَّتِي بٰرَكْنَا
فِيهَا ۖ وَتَمَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ الْحُسْنَىٰ عَلَىٰ
بَنِيٓ إِسْرَآءِيلَ ۙ بِمَا صَبَرُوا ۖ وَدَمَّرْنَا
مَا كَانَ يَصْنَعُ فِرْعَوْنُ وَقَوْمُهُ وَمَا
كَانُوا يَعْرِشُونَ ﴿١٣٧﴾

936. Ingkang dipun karsakaken inggih punika wewelak ingkang kasebut ing surat ingkang sampun.

937. Pangentasan bab 8__11 anélakaken bilih Fir'aun rambah-rambah nulayani janjinipun badhé angidini titiyang Israil sami késah saking Mesir, inggih punika kasagahan ingkang dipun prasetyakaken, janji wewelak ingkang saweg dhumawah saged kabirat.

938. Bumi ingkang *binarkahan* punika boten sanès inggih Tanah Suci, ingkang bab punika sampun kajanjèkaken déning Pangéran dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim. Pangandika candhakipun anedahaken bilih ing ngriku punika nyasmitakaken janji ingkang sampun kaparingaken: *Lan wis sampurna*

a. 82

138 Lan Ingsun wus anyabrangaké sagara[a] para turuning Israil; banjur tumeka marang bangsa kang manembah brahalané padha calathu: Dhuh Musa! kula sampéyan damelaken sesembahan kados sesembahan gadhahanipun. Wangsulané: Temen kowé iku padha wong atindak bodho.[939]

وَجٰوَزْنَا بِبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ الْبَحْرَ فَاَتَوْا
عَلٰى قَوْمٍ يَّعْكُفُوْنَ عَلٰٓى اَصْنَامٍ لَّهُمْ ۚ قَالُوْا
يٰمُوْسَى اجْعَلْ لَّنَآ اِلٰهًا كَمَا لَهُمْ اٰلِهَةٌ ۗ
قَالَ اِنَّكُمْ قَوْمٌ تَجْهَلُوْنَ ﴿١٣٨﴾

139 (Tumrapé) iki sayekti apa kang dhèwèké padha ana ing kono iku bakal disirnakaké, lan muspra apa kang padha dilakoni.

اِنَّ هٰٓؤُلَآءِ مُتَبَّرٌ مَّا هُمْ فِيْهِ وَبٰطِلٌ
مَّا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ﴿١٣٩﴾

140 Dhèwèké calathu: Apa iya aku anggolèkaké sesembahan kowé saliyané Allah, ing mangka Panjenengané iku wus angunggulaké kowé angungkuli (sakèhing) titah?[940]

قَالَ اَغَيْرَ اللّٰهِ اَبْغِيْكُمْ اِلٰهًا وَّهُوَ
فَضَّلَكُمْ عَلَى الْعٰلَمِيْنَ ﴿١٤٠﴾

141 Lan nalikané Ingsun nyalametaké sira saka wongé Fir'aun,
b. 80 kang anibakaké sira ing siksa kang keras[b] amatèni anak-anakira lanang
c. 81 lan anguripi wadon-wadonira,[c] lan ana ing kono iku coba kang gedhé saka Pangéranira.

وَاِذْ اَنْجَيْنٰكُمْ مِّنْ اٰلِ فِرْعَوْنَ يَسُوْمُوْنَكُمْ
سُوْٓءَ الْعَذَابِ ۚ يُقَتِّلُوْنَ اَبْنَآءَكُمْ وَ
يَسْتَحْيُوْنَ نِسَآءَكُمْ ۗ وَفِيْ ذٰلِكُمْ بَلَآءٌ
مِّنْ رَّبِّكُمْ عَظِيْمٌ ﴿١٤١﴾

---

sabdaning Pangéranira kang utama ana ing turuning Israil. Inggih punika sabda utama kados ingkang kasebut wonten ing Purwaning Dumados 17: 8. Tanah wétan lan sisih kilén punika saged mengku teges pasitènipun Tanah Suci ingkang sisih wétan lan sisih kilèn, utawi tanah ing sawétanipun lan sakilénipun lèpèn Yordan.

939. Sampun cetha nalika titiyang Israil nglembara wonten ing Syria punika srawungipun kaliyan bangsa-bangsa ingkang nembah brahala. Titiyang Israil piyambak inggih tumiyung dhateng kabrahalan, kabukti Pangentasan 32: 1 nyebutaken makaten: "Wong golongan mau tumuli nglumpuk marang ngarsané Arun, aturé: Mugi sampéyan tumandanga, kawula sampéyan damelaken Allah ingkang angirid lampah kawula." Kathah dodongèngan sanès-sanèsipun ingkang anedahaken tumiyungipun titiyang Israil dhateng panembah brahala makaten wau.

940. Bukti ingkang kapangandikakaken Kanjeng Nabi Musa lumawan panembah-brahala punika inggih bukti ingkang marambah-rambah kapangandikakaken déning Quran, inggih punika: manusa punika kénging winastan gustining titah sadaya, sarta angungkuli sagung titah, milanipun manusa kedah boten ngalap sesembahan dhateng barang-barang ingkang langkung asor katimbang lan awakipun piyambak.

RUKU' 17

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

142-145. Musa Kajumenengaken Nabi sarta tampi Taurat. 146, 147. Pandumipun para ingkang sami angemohi punika.

142 Ingsun wus anamtokaké waktu marang Musa telung puluh wengi sarta iku Ingsun ganepi sapuluh (engkas), dadi waktuning Pangérané kang tinamtu iku ganep patang puluh wengi.[a] Lan Musa calathu marang saduluré, Harun: anyulihana lulungguhku ana ing sajroning bangsaku sarta agawéa becik tuwin aja miturut dadalaning wong kang padha gawé wisuna.

a. 83

وَوٰعَدْنَا مُوسٰى ثَلٰثِيْنَ لَيْلَةً وَّاَتْمَمْنٰهَا بِعَشْرٍ فَتَمَّ مِيْقَاتُ رَبِّهٖٓ اَرْبَعِيْنَ لَيْلَةً ۚ وَقَالَ مُوسٰى لِاَخِيْهِ هٰرُوْنَ اخْلُفْنِيْ فِيْ قَوْمِيْ وَاَصْلِحْ وَلَا تَتَّبِعْ سَبِيْلَ الْمُفْسِدِيْنَ ﴿١٤٢﴾

143 Lan bareng Musa wus tekan mangsa-Ningsun kang wus tinamtu sarta Pangérané mangandikani dhèwèké unjuké: Pangéran kawula! mugi (Tuwan) angatingali kawula, supados kawula saged sumerep dhateng (warna) Tuwan. Pangandikané: Ora bisa sira sumurup (warna-)Ningsun, ananging andelenga marang gunung iku lah manawa iku tetep panggonané, sira bakal iya sumurup (warna-)Ningsun; ananging bareng Pangérané amedhar kaluhuran-É marang gunung iku, *iki dadi jugrug* sarta Musa ambruk sumaput; lah bareng wis éling munjuk: Mahasuci Tuwan, punika, kawula tobat ing Tuwan saha kawula punika wiwi-tanipun para angèstu.[941]

Ar. *Panjenenganè andadèkaké iku*

وَلَمَّا جَاۤءَ مُوسٰى لِمِيْقَاتِنَا وَكَلَّمَهٗ رَبُّهٗ ۙ قَالَ رَبِّ اَرِنِيْٓ اَنْظُرْ اِلَيْكَ ۗ قَالَ لَنْ تَرٰىنِيْ وَلٰكِنِ انْظُرْ اِلَى الْجَبَلِ فَاِنِ اسْتَقَرَّ مَكَانَهٗ فَسَوْفَ تَرٰىنِيْ ۚ فَلَمَّا تَجَلّٰى رَبُّهٗ لِلْجَبَلِ جَعَلَهٗ دَكًّا وَّخَرَّ مُوسٰى صَعِقًا ۚ فَلَمَّآ اَفَاقَ قَالَ سُبْحٰنَكَ تُبْتُ اِلَيْكَ وَاَنَا۠ اَوَّلُ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿١٤٣﴾

941. Kacariyos nugraha ingkang ageng piyambak wonten ing suwarga punika saged ningali ing Pangéran. Dhawuh ingkang kapangandikakaken dhateng Kanjeng Nabi Musa: *sira ora arep bisa andeleng Ingsun*, punika boten nandhakaken manawi ing gesang sasampuning pejah manusa boten saged ningali dhateng Pangéran. Ingkang kapangandikakaken boten saged punika ningali dhateng Pangéran kalayan mripat wadhag. Sajakipun, panyuwunipun Musa punika adhadhasar panyuwunipun para pinisepuh ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing 2: 55 kala anu punika. Redi jugrug

144 Panjenengané angandika: É, Musa, sayekti Ingsun amiji ing sira angungkuli para manusa kalawan ayahan-Ingsun sarta kalawan sabda-Ningsun; mulané cekelana apa kang wus Ingsun paringaké sira, sarta dadia éwoné para kang weruh ing panarima.

قَالَ يٰمُوْسٰٓى اِنِّى اصْطَفَيْتُكَ عَلَى النَّاسِ بِرِسٰلٰتِىْ وَبِكَلَامِىْ ۖ فَخُذْ مَآ اٰتَيْتُكَ وَكُنْ مِّنَ الشّٰكِرِيْنَ ﴿١٤٤﴾

145 Lan Ingsun wus anetepaké ing angger[942] tumrap dhèwèké ana ing balèbèkan-balèbèkan arupa sarupaning pitutur sarta pamijang tumrap samubarang; mulané iku sira cekelana kalawan kukuh sarta maréntahana wong-wongira supaya padha cekelana iku endi kang luwih becik: Ingsun bakal meruhaké panggonané para wong kang murang yekti.[943]

وَكَتَبْنَا لَهٗ فِى الْاَلْوَاحِ مِنْ كُلِّ شَيْءٍ مَّوْعِظَةً وَّتَفْصِيْلًا لِّكُلِّ شَيْءٍ ۚ فَخُذْهَا بِقُوَّةٍ وَّاْمُرْ قَوْمَكَ يَاْخُذُوْا بِاَحْسَنِهَا ۗ سَاُورِيْكُمْ دَارَ الْفٰسِقِيْنَ ﴿١٤٥﴾

punika sami kaliyan oreg utawi lindhu ingkang kasebut ing 2: 55. Éwadéné wonten katrangan sanèsipun malih ingkang perlu kula aturaken wonten ing ngriki. Ingkang dipun karsakaken déning Kanjeng Nabi Musa badhé dipun uningani punika gumelaripun ingkang sampurna kaluhuranipun Pangéran, ingkang taksih dèrèng kawedharaken, awit calon badhé kagem Kanjeng Nabi Muhammad saw. ing tembé. Kanjeng Nabi Musa boten kawawa ningali barang ingkang badhé kaparingaken pirsa dhateng Kanjeng Nabi Muhammad saw. wau; mirsanana 53: 13, 14 tuwin 2381. Menggah ing sajatos-jatosipun Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi ‘Isa punika menggah ing ayahanipun boten paja-paja nyundhul kaliyan ayahan ingkang ing pawingkingipun kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Muhammad saw. inggih awit saking punika déné Kanjeng Nabi ‘Isa naté ngandika, bilih taksih kathah barang ingkang dèrèng kawulangaken dhateng para pandhèrèkipun, nanging samangsa Juru-pirembag rawuh, panjenenganipun punika ingkang badhé anuntun para pandhèrèk wau dhateng kasampurnaning kayektèn. Prakawis Kanjeng Nabi Musa boten saged anyundhul kaliyan ayahanipun Kanjeng Nabi Muhammad, punika kabuktèn déning anggènipun Kanjeng Nabi Musa dhawah kapidhara nalika panjenenganipun mirsani Gumelaring Kaluhuranipun Pangéran wau. Redi jugrug punika mengku suraos bilih saréngat Musa boten badhé lastantun ing salami-laminipun. Suraos makaten punika saged katitik saking pangandika ing 95: 2, 3, ingkang wigatos nandhing Redi Sina (ingkang jugrug punika) kaliyan “kutha kang aman,” inggih punika Makkah ingkang badhé lastantun aman salami-laminipun saumuring jagad.

942. *Kataba* tegesipun *(Pangéran) andhawuhaken* (TA-LL), lan *majibaken* (Msb-LL). Ing ayat ngriki lan ing ayat sanès-sanèsipun ing dalem Quran boten wonten ingkang anerangaken bilih Kanjeng Nabi Musa tampi blèbèkan ingkang sineratan. Kosokwangsulipun, cetha manawi Kanjeng Nabi Musa dipun paringi pangandika déning Pangéran, dados sabda-pangandikanipun Pangéran ingkang katampi Kanjeng Nabi Musa punika alantaran wahyu kados déné nabi sanès-sanèsipun punika. Pangandika ingkang mungel: *pitutur sarta pamijang tumrap samubarang*, punika boten kénging kasuraos: nyakup sadaya prakawis ing saumumipun, nanging namung tartamtu prakawis-prakawis ingkang kabetahaken déning umat Israil, awit sadaya wau namung kanggé tumrap titiyang Israil (Rz).

943. Suraosipun: badhé dhateng masakalanipun para titiyang Israil sami badhé dados tiyang ingkang murang-yekti, terangipun: para titiyang wau sami badhé anglirwakaken dhawuh-dhawuh ingkang kadhawuhaken dhateng piyambakipun supados dipun lampahi. Bab punika ugi kasebutaken kalayan terang wonten ing kitabipun Kanjeng Nabi Musa.

146 Ingsun bakal angéngokaké saka timbalan-timbalan-Ingsun para kang padha ambek gumedhé ing bumi ora kalawan bener; lan manawa padha andeleng saben tandha, iku dhèwèké padha ora angèstu; lan manawa padha andeleng dalaning katulusan, iku dhèwèké padha ora angalap minangka dalan; lan manawa padha andeleng dalan sasar, iku dhèwèké padha ngalap minangka dalan; iki amarga saka anggoné padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun sarta padha anglirwakaké marang iku.

سَأَصْرِفُ عَنْ آيَاتِيَ الَّذِينَ يَتَكَبَّرُونَ
فِي الْأَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ وَإِنْ يَرَوْا كُلَّ
آيَةٍ لَا يُؤْمِنُوا بِهَا وَإِنْ يَرَوْا سَبِيلَ
الرُّشْدِ لَا يَتَّخِذُوهُ سَبِيلًا وَإِنْ يَرَوْا
سَبِيلَ الْغَيِّ يَتَّخِذُوهُ سَبِيلًا ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ
كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا وَكَانُوا عَنْهَا غَافِلِينَ ﴿١٤٦﴾

147 Lan para kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun lan sapatemon ing delahan, iku panggawé-panggawéné muspra. Apa dhèwèké bakal padha pinaringan pituas saka liyané kajaba apa kang wus padha dilakoni?

وَالَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا وَلِقَاءِ الْآخِرَةِ
حَبِطَتْ أَعْمَالُهُمْ هَلْ يُجْزَوْنَ إِلَّا
مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٤٧﴾

RUKU' 18

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

148, 149. Para turun Israil sami manembah pedhèt. 150, 151. Sepenipun Nabi Harun saking kalepatan.

a. 84 148 Lan wongé Musa ing sapungkuré dhèwèké, agawé pedhèt[a] bakalé raja brana papaèsé mung sawijining awak,[944] mawa uni. Apa

وَاتَّخَذَ قَوْمُ مُوسَىٰ مِنْ بَعْدِهِ مِنْ
حُلِيِّهِمْ عِجْلًا جَسَدًا لَهُ خُوَارٌ أَلَمْ

944. Tembung *jasad* punika tegesipun *awak-awakan*, sarta ateges *abrit* utawi *jéné sepuh*. Limrahipun para mufassirin sami nganggé teges ingkang angka satunggal wau, suraosipun: pedhèt ingkang kadamel wau namung awak-awakan blaka, tanpa nyawa. Nanging pandamelipun pedhèt wau inggih sampun dipun angkah, sageda nyuwanten kados suwantenipun pedhèt saèstu. Teges satunggalipun punika ugi saged suka katrangan ing bab kawontenanipun ingkang sajatos pedhèt damelan wau, awit margi kadamel saking jéné (mas) tilas anggèn-anggèn, dadosipun pedhèt damelan wau rupinipun abrit utawi jéné sepuh.

ta dhèwèké padha ora weruh yèn iku ora calathu marang dhèwèké sarta ora anuduhaké dalan marang dhèwèké. Dhèwèké padha angalap iku (minangka sesembahan) sarta padha atindak dudu.

يَرَوْا أَنَّهُ لَا يُكَلِّمُهُمْ وَلَا يَهْدِيهِمْ سَبِيلًا ۘ
اتَّخَذُوهُ وَكَانُوا ظَالِمِينَ ﴿١٤٨﴾

149 Lan bareng dhèwèké wis padha kaduwung[945] sarta weruh, yèn awaké temen padha sasar, padha calathu: saupama Pangéranku ora welas marang aku sarta ora angapura marang aku, amasthi aku iki bakal padha dadi éwoné wong kang padha kapitunan.

وَلَمَّا سُقِطَ فِي أَيْدِيهِمْ وَرَأَوْا أَنَّهُمْ قَدْ
ضَلُّوا ۙ قَالُوا لَئِنْ لَمْ يَرْحَمْنَا رَبُّنَا
وَيَغْفِرْ لَنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ ﴿١٤٩﴾

150 Lan bareng Musa wis bali marang wong-wongé, anawung bendu lan prihatén banget, acalathu: Ala *barang kang kotindakaké* ing sapungkurku: apa kowé *angemohi* paréntahé Pangéranmu?[946] Dhèwèké ambanting blèbèkan-blèbèkané sarta anyandhak sirahé saduluré, dicènèng marang (eng-

Ut. *anggonira anyulihi aku*
Ut. *anggégé*

وَلَمَّا رَجَعَ مُوسَىٰ إِلَىٰ قَوْمِهِ غَضْبَانَ
أَسِفًا ۙ قَالَ بِئْسَمَا خَلَفْتُمُونِي مِنْ
بَعْدِي ۖ أَعَجِلْتُمْ أَمْرَ رَبِّكُمْ ۖ وَأَلْقَى
الْأَلْوَاحَ وَأَخَذَ بِرَأْسِ أَخِيهِ يَجُرُّهُ

945. سقط في ايديهم punika ukara ingkang sampun gumathok tegesipun. Para ahli-basa lan para mufassirin sami sarujuk amastani manawi ukara wau ateges *padha mratobat* utawi *padha keduwung banget.* Mila mengku teges makaten awit manut cariyos tiyang punika manawi keduwung lajeng anyokoti tanganipun margi saking susah, dadosipun tanganipun dipun tempuh déning untunipun, kados déné bubujengan cinangkerem ing peksi ingkang kapurih ambujeng (*saqatha* jawinipun *dhawah*) (Zj, Q lan sanès-sanèsipun – LL). Kacariyos ukara wau dèrèng naté wonten sadèrèngipun Quran (LL). Utawi saged dipun tegesi *nadm*, dados ukara wau ateges *piduwung angenani wong-wong mau* (Zj, Rz). Bab prakawis keduwungipun titiyang Israil punika kelampahanipun ing sasampunipun Kanjeng Nabi Musa wangsul saking redi (2: 54), sanajan ta ing ngriki kasebutaken langkung rumiyin. Menggah ing sajatos-jatosipun urut-urutaning cariyos ingkang kasebutaken ing ayat punika, punika sanès urut-urutaning lalampahan, nanging sasambetanipun piduwung kaliyan dosa, lalampahan ingkang murugaken piduwung kasebutaken ing wingking.

946. Miturut Kf عجلتم امر ربكم ing ngriki sami kaliyan عجلتم عن امر ربكم sarta panjenenganipun nerangaken عجل عن الامر punika ateges *nglentharaken prakawis wau.* Nanging TA negesi عجل منه punika *ngemohi*, sarta teges punika ingkang kula anggé. Prayogi katerangaken pisan bilih *'ajila* punika inggih sok dipun dadosaken tembung kriya ingkang mawa lésan, ingkang mengku suraos *sabaqa*, ing ngriku lajeng ateges: *apa kowé anggégé* (utawi *kesusu ing babagan*) *dhawuhé Pangéranmu?* Tembung *amr* (dhawuh) ing ngriki warni-warni tiyang anggènipun merdèni, kadosta: *wekdal ingkang tinamtu* (I'Ab), *janji* (Hasan), *bebendu* ('Ata). Kalbi nyukani teges ingkang panjang makaten: *apa kowé kesusu-susu nembah pedhèt ing sadurungé kowé katekan dhawuhé Pangéranmu?* (Rz, AH).

goné) awaké. Calathuné: Putra lanangé si ibu! Sayekti wong-wong iku padha angapesaké aku, mèh baé padha matèni aku; mulané aja kowé ambungahaké mungsuh-mungsuh asarana aku sarta aja kowé anganggep aku éwoné wong-wong atindak dudu.

إِلَيْهِ ۚ قَالَ ابْنَ أُمَّ إِنَّ الْقَوْمَ اسْتَضْعَفُونِي
وَكَادُوا يَقْتُلُونَنِي فَلَا تُشْمِتْ بِيَ
الْأَعْدَاءَ وَلَا تَجْعَلْنِي مَعَ الْقَوْمِ الظَّالِمِينَ ﴿١٥٠﴾

151 Dhèwèké munjuk: Pangéran kawula! Mugi Tuwan aparing *pangapunten*[a] dhateng kawula sarta dhateng sadhèrèk kawula, saha mugi kawula sami Tuwan lebetaken ing wilasa Tuwan, saha Tuwan punika Asih-asihipun para ingkang sami ambek asih.[947]

Ut. *pangayoman* a. 2194

قَالَ رَبِّ اغْفِرْ لِي وَلِأَخِي وَأَدْخِلْنَا فِي
رَحْمَتِكَ ۖ وَأَنْتَ أَرْحَمُ الرَّاحِمِينَ ﴿١٥١﴾

RUKU' 19

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

152, 153. Piduwung sarta pangapunten. 154, 155. Panuntun pitung dasa. 156, 157. Wilasa kasagahaken dhateng para ingkang sami angajengi Nabi ingkang kajanjèkaken.

152 Sayekti, para kang padha ngalap pedhèt (minangka sesembahan), bebendu saka Pangérané bakal anekani dhèwèké mangkono uga asoré ing dalem kauripan donya, lan kaya mangkono iku anggon Ingsun males para kang padha agawé-gawé goroh.

إِنَّ الَّذِينَ اتَّخَذُوا الْعِجْلَ سَيَنَالُهُمْ
غَضَبٌ مِنْ رَبِّهِمْ وَذِلَّةٌ فِي الْحَيَاةِ
الدُّنْيَا ۚ وَكَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُفْتَرِينَ ﴿١٥٢﴾

153 Lan para kang padha anglakoni panggawé ala, tumuli ing sawisé iku padha *kaduwung* sarta padha angèstu, sayekti, sawisé iku, Pangéranira tuhu Aparamarta, Mahaasih.

Ut. *tobat*

وَالَّذِينَ عَمِلُوا السَّيِّئَاتِ ثُمَّ تَابُوا مِنْ
بَعْدِهَا وَآمَنُوا إِنَّ رَبَّكَ مِنْ
بَعْدِهَا لَغَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿١٥٣﴾

947. Santolan ingkang dipun pangandikakaken Kanjeng Nabi Harun tur dipun agem (dipun gega) Kanjeng Nabi Musa, punika terang mratandhakaken manawi Kanjeng Nabi Harun boten kalèpètan lepat, boten tumut-tumut damel pedhèt, boten tumut-tumut manembah pedhèt wau. Cariyos ing Bébel ingkang mastani nabinipun Allah ingkang tulus nglampahi dosa ingkang sakalangkung ageng kedah katulak, awit tétéla boten leres. Nyuwun pangapunten punika boten margi dosa nembah pedhèt,

154 Lan bareng benduné Musa wus andhèh, dhèwèké anjupuk blèbèkan-blèbèkané iku, lan ing dalem tulisé kono ana tuntunan sarta wilasa tumrap para kang padha wedi marang Pangérané.[948]

وَلَمَّا سَكَتَ عَنْ مُّوسَى الْغَضَبُ أَخَذَ الْأَلْوَاحَ ۖ وَفِي نُسْخَتِهَا هُدًى وَّرَحْمَةٌ لِّلَّذِينَ هُمْ لِرَبِّهِمْ يَرْهَبُونَ ﴿١٥٤﴾

155 Lan Musa wus milih wongé, wong lanang pitungpuluh, tumrap waktu kang wus Ingsun tamtokaké;[949] lah bareng lindhu anempuh dhèwèké,[a] dhèwèké munjuk: Pangéran kawula! Upami Tuwan angarsakna, piyambakipun sampun sami Tuwan lebur ing sadèrèng-dèrèngipun sarta kawula (makaten ugi): Punapa Tuwan badhé anglebur ing kawula sami jalaran saking pandamelipun para titiyang cubluk panunggilan kawula? Punika boten sanès kajawi

وَاخْتَارَ مُوسَىٰ قَوْمَهُ سَبْعِينَ رَجُلًا لِّمِيقَاتِنَا ۚ فَلَمَّا أَخَذَتْهُمُ الرَّجْفَةُ قَالَ رَبِّ لَوْ شِئْتَ أَهْلَكْتَهُم مِّن قَبْلُ وَإِيَّايَ ۖ أَتُهْلِكُنَا بِمَا فَعَلَ السُّفَهَاءُ مِنَّا ۖ إِنْ هِيَ

tandhanipun ing ayat punika ugi Kanjeng Nabi Musa inggih tumut nyuwun pangapunten. Kados déné ingkang asring kawarsita wonten ing panggènan sanès-sanèsipun ing Quran Suci, nyuwun pangapunten ing ngriki sami kaliyan nyuwun pangayomanipun Pangéran; inggih punika pangayomanipun Pangéran ingkang kedah dipun suwun déning sok tiyanga, supados boten dhumawah ing dosa margi saking sèkèngipun lan margi saking boten sampurnanipun. Kateranganipun tembung *gafr* ingkang panjang mirsanana 2194.

948. Miturut Pangentasan 32: 19 Kanjeng Nabi Musa ambanting papan wau "temah remuk ana ing sikilé gunung," margi saking dukanipun. Pangentasan bab 34 nerangaken anggènipun blèbèkan-blèbèkan (papan-papan) wau dipun lintoni ingkang énggal. Cariyos ing Quran boten kados makaten. Quran boten nyebutaken bilih blèbèkan-blèbèkan wau remuk sarta lajeng dipun lintoni malih ingkang énggal, wangsul anyebutaken bilih ing sasampunipun lilih dukanipun Kanjeng Nabi Musa lajeng mundhut blèbèkan-blèbèkan wau, déné seratanipun tetep taksih wonten. Saèstunipun anèh sanget, satunggaling nabi ingkang kados Kanjeng Nabi Musa makaten keladuk dukanipun, ngantos ngremukaken blèbèkan-blèbèkan ingkang isi seratan timbalan-timbalanipun Pangéran; awit saking punika cariyos ing Bébel wau kedah katulak. Boten nyatanipun cariyos ing Bébel wau saged katitik saking nalar makaten: Miturut cariyos ing Bébel blèbèkan-blèbèkan wau blèbèkan-blèbèkan séla, ingkang "seratané iya tapak astané Allah piyambak;" manawi namung *kadhawuhaken saking astanipun Kanjeng Nabi Musa kémawon,* tangèh lamun yèn ngantosa remuk tan mangga puliha, ngantos boten saged kawaos malih seratanipun. Lah, awit saking punika pratélanipun Quran ingkang nulayani Bébel wau ingkang leres.

949. Pangentasan 24: 1 nyebutaken Kanjeng Nabi Musa ngajak para sesepuh Israil pitungdasa, sanajan para titiyang wau boten kelilan "marek marang ngarepé Yéhuwah," sarta nalika punika anggènipun Kanjeng Nabi Musa wonten ing redi ngantos kawandasa dinten kawandasa dalu (Pangentasan 24: 18). Ing Bébel ugi kasebutaken Kanjeng nabi Musa tindak dhateng redi ing sasampunipun wonten lalampahan nembah pedhèt sarta kacariyosaken anggènipun wonten ing redi kawandasa dinten kawandasa dalu (Pangentasan 34: 28). Ing Quran ingkang dipun karsakaken punika lalampahan ingkang sapisan, tindakipun Kanjeng Nabi Musa ingkang kaping kalih babar pisan boten kasebutaken wonten ing Quran.

panglèlèr Tuwan; punika Tuwan anggé anasaraken sintena ingkang
a. 44 Tuwan karsakaken[a] saha anuntun sintena ingkang Tuwan karsakaken; Tuwan punika pangayoman kawula; milanipun mugi Tuwan angapunten ing kawula saha amelasi kawula, saha Tuwan punika saé-saénipun para ingkang sami ngapunten.

إلا فتنتك تضل بها من تشاء وتهدي من تشاء أنت ولينا فاغفر لنا وارحمنا وأنت خير الغافرين ﴿١٥٥﴾

156 Saha mugi Tuwan amasthi ing kawula kasaénan ing dalem donya punika saha ing dalem akhirat, saèstu kawula sami wangsul dhateng Tuwan. Pangandikané: Siksa-Ningsun Ingsun kenakaké sapa kang Ingsun karsakaké, lan wilasa-Ningsun anglimputi samubarang; mulané iku bakal Ingsun pasthi tumrap para kang padha anjaga dhiri (saka ing ala) sarta padha awèh zakat tuwin padha angèstu marang timbalan-timbalan-Ingsun.[949A]

واكتب لنا في هذه الدنيا حسنة وفي الآخرة إنا هدنا إليك قال عذابي أصيب به من أشاء ورحمتي وسعت كل شيء فسأكتبها للذين يتقون ويؤتون الزكاة والذين هم بآياتنا يؤمنون ﴿١٥٦﴾

157 Para kang padha manut Utusan, Nabi, kang ummi,[950]

الذين يتبعون الرسول النبي الأمي

949A. Sami-sami sifatipun Pangéran, wonten ing Quran sifat *asih* punika ingkang onjo piyambak. Ing donya pancèn inggih wonten piawon punapa, sarta tiyang ingkang nindakaken awon pancèn inggih kedah dipun pidana; nanging mangga kula aturi ngraosaken dhawuh: *Lan wilasa-Ningsun anglimputi samubarang*. Menggah ing sajatos-jatosipun dalasan pidana punika ugi mijil saking wilasanipun Pangéran, awit ingkang dipun suprih ing pidana punika sanès kok badhé misakit, nanging badhé nyaékaken tiyang ingkang nindakaken awon. Sih-wilasanipun Pangéran punika pancèn agung temenan, nanging punika namung mligi kaparingaken dhateng para ingkang sami rumeksa saking awon tuwin para ingkang sami angèstu dhateng timbalan-timbalanipun Pangéran, langkung-langkung dhateng para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Muhammad saw., kados déné ingkang kacetha wonten ing wekasaning ayat punika tuwin ing ayat candhakipun.

950. Kateranganipun tembung *ummi*, ingkang jawinipun *tiyang ingkang boten saged nyerat lan boten saged seratan*, kajlèntrèhaken wonten ing 117. Inggih awit saking punika déné bangsa Arab punika kasebut umat ingkang *ummi*. Wondéné nabi *ummi*, kénging dipun suraos *nabinipun umat ingkang ummi (bangsa Arab) awit panjenenganipun punika sami kémawon kaliyan umat wau (inggih punika boten saged maos lan boten saged nyerat)* utawi *anggènipun panjenenganipun kasebut makaten wau margi panjenenganipun piyambak punika boten saged maos seratan lan boten saged nyerat* (Rgh). Nanging sawenèh anerangaken bilih anggènipun Kanjeng Nabi kasebut *ummi* punika margi panjenenganipun punika asli saking *ummu-l-Qurâ*, inggih punika Makkah, kitha kerajanipun nagari Arab (MB, Rz nalika nafsiri 3: 74). Dados nabi *ummi* punika mengku teges warni tiga ing ngandhap punika salah satunggal, inggih punika: (1) tiyang ingkang boten sastra; (2) tiyang saking éwonipun

الَّذِىۡ يَجِدُوۡنَهٗ مَكۡتُوۡبًا عِنۡدَهُمۡ فِى التَّوۡرٰىةِ وَالۡاِنۡجِيۡلِ يَاۡمُرُهُمۡ بِالۡمَعۡرُوۡفِ وَيَنۡهٰهُمۡ عَنِ الۡمُنۡكَرِ وَيُحِلُّ لَهُمُ الطَّيِّبٰتِ وَيُحَرِّمُ

kang dhèwèké padha nemu panjenengané tinulis ing dalem Taurat lan Injil kang ana ing dhèwèké,[951] (kang) maréntahi dhèwèké marang becik sarta menging dhèwèké saka ing ala, lan angenakaké barang kang apik-apik tuwin anglarangi

---

bangsa Arab; tuwin (3) tiyang ingkang asli saking Makkah.

Pamanggihipun tuwan Rodwell ingkang amastani bilih tembung *ummî* punika ateges *tiyang ngamonca* ingkang mengku kajeng tiyang sanès Yahudi utawi tiyang wanan, punika babar pisan boten wonten watonipun. Mirsanana 2: 78, ing ngriku titiyang Yahudi kasebut *Ummi*: "Lan saka éwoné dhèwèké ana para kang ora sastra (Ar. Para *ummî*) kang padha ora ngerti Kitab." Leres, LL negesi *ummi tiyang ngamanca*, nanging manawi waton-waton ingkang dipun sebutaken LL dipun waspaosaken kalayan cetha saged anedahaken, manawi tembung *ummi* mengku teges *tiyang ngamonca*, punika kalayan mengku raos *tiyang ingkang kagolong satunggaling pancer utawi gotrah.* Dados, pupuntoning pamanggihipun tuwan Lané ingkang amastani bilih tegesipun éntar lan tegesipun ingkang kaping kalih tembung *ummi* tiyang wanan, punika babar pisan atanpa waton. Bd nyebutaken wonten ing 3: 19 bilih *ummi* ing ngriku ingkang dipun karsakaken tiyang ingkang boten gadhah *kitâb*; nanging nadyan *kitab* ing ngriku dipun tegesana *Kitab Suci*, boten dipun tegesi *seratan*, meksa mengku raos: tiyang ingkang boten gadhah cecepengan Kitab Suci punika inggih *tiyang Arab*, awit sadaya umat ingkang sasrawungan kaliyan bangsa Arab, punika sadaya sami gadhah cecepengan Kitab. Tuwan Lané piyambak inggih anerangaken bilih wontenipun Kanjeng Nabi Muhammad kasebut *ummi tiyang ngamonca*, sanès *tiyang Israil*, punika margi panjenenganipun punika *tiyang Arab, Trah Isma'il, sanès trah Israil*; sarta sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih anggènipun kajulukan makaten punika kalayan mengku sasmita dhateng tembung "sadulurira" ing Pangandharing Torèt 18: 18 punika. Déné bab prakawis Kanjeng Nabi boten saged maos lan nyerat ing sadèrèngipun katurunan wahyu, punika sampun cetha, boten wonten ngulami satunggal kémawon ingkang boten mastani makaten. Ing bab punika sabda-pangandikanipun Quran ceplos: "Lan ing sadurungé iku sira ora tau maca kitab siji, lan sira ora nulis iku kalawan tanganira tengen" (29: 48). Nanging ing bab saged lan botenipun panjenenganipun maos lan nyerat ing sasampunipun katurunan wahyu, para ngulami warni-warni pamanggihipun. Pamanggih ingkang warni-warni wau boten badhé kula aturaken satunggal-satunggal wonten ing ngriki, namung sadaya wau kénging kagerba makaten: sanajan ingkang mastani panjenenganipun saged maos (ing sasampunipun kaparingan wahyu) punika wonten waton-watonipun ingkang kénging pinitados, nanging manawi panjenenganipun ngarsakaken damel serat, tetep tiyang sanès ingkang nyerat. Perlu dipun èngeti jujulukipun Kanjeng Nabi makaten punika kasebut wonten ing surat, ingkang sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih ing sageblengipun tumurun ing Makkah. Awit saking punika paham ingkang amastani bilih tembung *ummî* dados jujulukipun Kanjeng Nabi boten naté kasebut wonten ing surat-surat ingkang tumurun ing Makkah, punika boten kénging dipun gondhèli, sarta malih boten wonten titikanipun sakedhik-kedhika ingkang nedahaken bilih ayat punika kawewahaken wonten ing Madinah.

951. Kathah sanget piweca-piweca ingkang mecakaken badhé rawuhipun Kanjeng Nabi, kasebut wonten ing kitab Prajanjian Lami lan Prajanjian Énggal. Ing ayat ngriki kalayan mligi kasebutaken kitab Torèt lan Kitab Injil, mila makaten awit Kanjeng Nabi Musa punika wiwitanipun nabi-nabi Bani Israil, déné Kanjeng Nabi 'Isa wekasanipun. Pangandharing Torèt 18: 15-18 nyebutaken kalayan terang badhé jumenengipun satunggaling nabi (ingkang badhé kados Kanjeng Nabi Musa makaten) kapundhut saking ing antawising sadhèrèkipun Bani Israil, inggih punika Bani Isma'il utawi bangsa Arab. Makaten ugi Pangandharing Torèt 33: 2 nyebutaken sumorotipun ingkang mancorong tumedhakipun Pangéran, inggih punika rawuhipun Pangéran "saka pagunungan Paran." Ing Injil inggih kathah piweca-piweca ingkang mecakaken badhé rawuhipun Kanjeng Nabi, kadosta: Matteus 13: 31, Matteus 21: 33-34, Markus 12: 1-11, Lukas 20: 9-18, ing ngriku kasebutaken Bandaraning pakebonan anggur rawuh ing sasampunipun ingkang putra (Kanjeng Nabi 'Isa) dipun aniaya, Yuhanan 1: 22, Yuhanan 14: 16, Yuhanan 14: 26, sadaya sami anyebutaken piweca-piweca ingkang kados makaten wau.

barang kang jember-jember marang dhèwèké, tuwin angilangaké momotané saka ing awaké apa déné balenggu kang tumrap marang dhèwèké; mulané para kang padha angèstu ing panjenengané lan angajèni panjenengané tuwin amitulungi[952] panjenengané, apa déné padha manut papadhang kang katurunaké kaampil panjenengané, iki para kang padha begja.

عَلَيْهِمُ الْخَبٰٓئِثَ وَيَضَعُ عَنْهُمْ اِصْرَهُمْ
وَالْاَغْلٰلَ الَّتِيْ كَانَتْ عَلَيْهِمْ ۗ فَالَّذِيْنَ
اٰمَنُوْا بِهٖ وَعَزَّرُوْهُ وَنَصَرُوْهُ وَاتَّبَعُوا
النُّوْرَ الَّذِيْٓ اُنْزِلَ مَعَهٗٓ ۙ اُولٰٓئِكَ هُمُ
الْمُفْلِحُوْنَ ﴿١٥٧﴾

RUKU' 20

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

158. Kautusipun Kanjeng Nabi Muhammad punika tumrap manusa sajagad. 159. Panthan agami Bani Israil. 160-162. Nugrahanipun Allah dhateng Bani Israil sarta panerakipun.

158 Calathua: É, para manusa! sayekti aku iki utusaning Allah marang kowé kabèh, Kang karatoning langit-langit lan bumi iku kagungan-É,[953] ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; Panjenengané agawé urip lan agawé pati; mulané padha angèstua

قُلْ يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اِنِّيْ رَسُوْلُ اللّٰهِ اِلَيْكُمْ
جَمِيْعًا ۨ الَّذِيْ لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۚ
لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ يُحْيٖ وَيُمِيْتُ ۖ فَاٰمِنُوْا

952. Pangintenipun tuwan Noldeke bilih ing ngriki punika nyasmitakaken para sahabat *Anshâr* ing Madinah, boten perlu kagega. Makaten ugi pupuntoning pamanggihipun tuwan Rodwell, ingkang lajeng mastani bilih ayat punika mesthi inggih kawewahaken nalika ing jaman Madinah, punika ugi boten kénging dipun ugemi. Mirsanana purwakaning surat punika.

953. Ing ngriki kula sadaya sami dipun pangandikani bilih karatoning Pangéran, ingkang satemenipun namung satunggal thil, punika badhé namung sawarni angger-anggeripun, supados sagung para manusa saged manunggil dados satunggal malih. Menggah ing sajatos-jatosipun ayahanipun Kanjeng Nabi punika kanggé ing sajagad, sarta anggènipun asifat makaten punika sampun wiwit nalika panjenenganipun tampi wasita ingkang sapisan, awit ing surat Fatihah – ingkang sampun boten wonten semang-semangipun malih kagolong wahyu ingkang katurunaken rumiyin piyambak – kapangandikakaken manawi Allah punika Gustinipun ngalam sadaya lan Pangéranipun sadaya bangsa, dados boten kapangandikakaken Gustinipun utawi Pangéranipun bangsa Arab thok. Saèstu atanpa damel, ngupadosi wasita ingkang kados makaten punika sifatipun wonten ing kitab sucinipun nabi sanès-sanèsipun ing jagad punika. Menggah ing sajatos-jatosipun, saben nabi punika kautusipun namung dhateng umat satunggal, awit ayahanipun kawatesan namung kanggé ambangun lan manunggilaken umat satunggal. Nanging Kanjeng Nabi Muhammad saw. rawuhipun perlu kautus manunggilaken sadaya umat dados saumat sarta anyirnakaken wawates-wawates ingkang amisahaken antawisipun bangsa-bangsa tuwin pakulitan ingkang warni-warni. Panjenenganipun pranyata sampun angsal damel anggèning andumugèkaken ayahan punika. Ingkang makaten punika kabuktèkaken déning babadipun Islam. Saben tiyang nyemplung dhateng Islam, sanalika kabangsanipun larut atanpa teges déning pangertosan

ing Allah lan utusan-É, Nabi Ummi, kang angèstu ing Allah lan sabda-sabda-Né, lan padha manuta dhèwèké, supaya kowé padha ngambah dalan kang bener.

بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهِ النَّبِيِّ الْاُمِّيِّ الَّذِيْ يُؤْمِنُ بِاللّٰهِ وَكَلِمٰتِهٖ وَاتَّبِعُوْهُ لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُوْنَ ﴿١٥٨﴾

159 Lan sawenèhé wong-wongé Musa ana sapantha, kang padha nuntun (manusa) kalawan bebener, sarta (iya) kalawan (bebener) iku anggoné padha anindakaké adil.

وَمِنْ قَوْمِ مُوْسٰٓى اُمَّةٌ يَّهْدُوْنَ بِالْحَقِّ وَبِهٖ يَعْدِلُوْنَ ﴿١٥٩﴾

160 Lan Ingsun wus amecah-mecah dhèwèké dadi rolas pancer, dadi para bangsa; lan Ingsun ame-dhar sabda marang Musa nalikané wong-wongé anjaluk banyu: Ang-gebuga watu iku kalawan teke-
a. 96 nira;[a] tumuli ambuwal tuk rolas, siji-sijining pancer padha weruh
b. 97 pangombéné dhéwé-dhéwé;[b] lan Ingsun angayomaké méga ing
c. 89 sadhuwuré,[c] sarta Ingsun anuru-naké manna lan salwa marang
d. 90 dhèwèké;[d] padha mangana barang-barang becik paparing-Ingsun ing sira. Lan ora padha atindak dudu
e. 1876 marang Ingsun;[e] balik (malah) atindak dudu marang jiwané dhéwé.

وَقَطَّعْنٰهُمُ اثْنَتَيْ عَشْرَةَ اَسْبَاطًا اُمَمًا ۗ وَاَوْحَيْنَآ اِلٰى مُوْسٰٓى اِذِ اسْتَسْقٰىهُ قَوْمُهٗٓ اَنِ اضْرِبْ بِّعَصَاكَ الْحَجَرَ ۚ فَانْۢبَجَسَتْ مِنْهُ اثْنَتَا عَشْرَةَ عَيْنًا ۗ قَدْ عَلِمَ كُلُّ اُنَاسٍ مَّشْرَبَهُمْ ۗ وَظَلَّلْنَا عَلَيْهِمُ الْغَمَامَ وَاَنْزَلْنَا عَلَيْهِمُ الْمَنَّ وَالسَّلْوٰى ۗ كُلُوْا مِنْ طَيِّبٰتِ مَا رَزَقْنٰكُمْ ۗ وَمَا ظَلَمُوْنَا وَلٰكِنْ كَانُوْٓا اَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُوْنَ ﴿١٦٠﴾

"kamanungsan" ingkang katiyupaken déning Islam dhateng manahipun tiyang. Kénging winastan kabangsanipun tiyang Islam punika anglimputi jagad sadaya, déné Islam punika agaminipun sadaya manusa, sanès agaminipun satunggaling bangsa ingkang tartamtu. Manawi namung manahipun tiyang Arab ingkang boten sastra kémawon, tangèh lamun saged kathukulan pangertosan agami ingkang samanten jembaripun punika. Ngemungaken sabdanipun Pangéran kémawon ingkang kawasa ngawontenaken éwah-éwahan ageng wonten ing babading agami, awit boten wonten nabi satunggal kémawon ing sadèrèng-dèrèngipun, ingkang naté amulangaken agami ingkang kanggé sadaya para manusa. Dalasan Kanjeng Nabi 'Isa piyambak naté ngandika dhateng satunggaling tiyang èstri sanès bangsa Yahudi, bilih "anggonku kautus mung pinatah marani wedhusé Bani Israil kang padha ketriwal iku" (Matteus 15: 24), sarta nalika panjenenganipun dipun suwuni malih kalayan sanget-sanget, panjenenganipun ngandika: "Saru wong anjupuk rotiné anak-anak, diuncalaké ing ngareping kirik" (26). Ngemungaken ayahanipun Kanjeng Nabi Muhammad kémawon, ingkang nganggep sadaya manusa sami-sami, sami déné putranipun "rama ingkang wonten ing suwarga." *Gustining ngalam sadaya*. Ambuktèkaken ingkang anyerik-nyerikaken *anak-anak* lan *kirik*, punika boten naté pinanggih wonten ing dalem agami Islam.

161 Lan nalikané padha dipa-
ngandikani: Padha angenggonana
f. 91 kutha iki,[f] sarta padha mangana
wetuné kono endi sakarepira, lan
padha munjuka: Mugi Tuwan
ambirat sasanggèn kawula ingkang
g. 93 awrat punika;[g] lan padha malebua
h. 92 lawangé kalawan tumundhuk;[h]
Ingsun bakal ngapura marang sira
ing kaluputanira; Ingsun bakal
amuwuhi paparing marang wong
kang agawé becik (ing liyan).

وَإِذْ قِيلَ لَهُمُ اسْكُنُوا هَٰذِهِ الْقَرْيَةَ وَكُلُوا مِنْهَا حَيْثُ شِئْتُمْ وَقُولُوا حِطَّةٌ وَادْخُلُوا الْبَابَ سُجَّدًا نَغْفِرْ لَكُمْ خَطِيٓـَٔتِكُمْ ۚ سَنَزِيدُ الْمُحْسِنِينَ ﴿١٦١﴾

162 Ananging sawenèhé, para
kang atindak dudu, padha anyalini
kalawan pangucap saliyané kang
didhawuhaké marang dhèwèké;
mulané Ingsun angutus siksa saka
langit anibani dhèwèké, amarga
i. 95 saka anggoné atindak dudu.[i]

فَبَدَّلَ الَّذِينَ ظَلَمُوا مِنْهُمْ قَوْلًا غَيْرَ الَّذِي قِيلَ لَهُمْ فَأَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ رِجْزًا مِنَ السَّمَاءِ بِمَا كَانُوا يَظْلِمُونَ ﴿١٦٢﴾

RUKU' 21

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

163-168. Panerak dhateng Sabbat. 169, 170. Turunan ingkang kantun-kantun. 171. Kados pundi anggènipun ambundheli prajanjian.

163 Lan padha takonana prakara kutha, kang angongkang sagara; nalika dhèwèké padha mlangkah wawalering Sabbat, nalika iwaké ing dinané Sabbat padha teka marani dhèwèké ngambang, lan ing dina kang dhèwèké padha ora amulyakaké Sabbat ora padha teka marani dhèwèké; kaya mangkono anggon-Ingsun nyoba dhèwèké amarga saka anggoné padha murang yekti.[954]

وَسْـَٔلْهُمْ عَنِ الْقَرْيَةِ الَّتِي كَانَتْ حَاضِرَةَ الْبَحْرِ إِذْ يَعْدُونَ فِي السَّبْتِ إِذْ تَأْتِيهِمْ حِيتَانُهُمْ يَوْمَ سَبْتِهِمْ شُرَّعًا وَيَوْمَ لَا يَسْبِتُونَ ۙ لَا تَأْتِيهِمْ ۚ كَذَٰلِكَ نَبْلُوهُمْ بِمَا كَانُوا يَفْسُقُونَ ﴿١٦٣﴾

954. Kitha ingkang kasebutaken ing ngriki punika limrahipun kasuraos kitha Ailah (Rz), inggih punika kitha ing pinggiring Saganten Abrit. Déné lalampahan ingkang kasasmitakaken punika sawenèh saking tindakipun para titiyang Yahudi anggèning nerak wawaleripun dinten Sabat.

164 Lan nalikané ana sagolongan saka dhèwèké acalathu: Yagéné kowé amituturi wong kang bakal padha linebur déning Allah utawa bakal padha siniksa kalawan siksa kang abanget? Padha mangsuli: Supaya luputa saka ing cacad ing ngarsané Pangéranmu, lan manawa-manawa dhèwèké bakal padha anjaga dhiri (saka ing ala).

وَإِذْ قَالَتْ أُمَّةٌ مِّنْهُمْ لِمَ تَعِظُونَ قَوْمًا ۙ اللَّهُ
مُهْلِكُهُمْ أَوْ مُعَذِّبُهُمْ عَذَابًا شَدِيدًا ۖ قَالُوا
مَعْذِرَةً إِلَىٰ رَبِّكُمْ وَلَعَلَّهُمْ يَتَّقُونَ ﴿١٦٤﴾

165 Lah bareng padha anglirwaké barang kang dhèwèké padha diélingaké, Ingsun anylametaké para kang padha anyegah ing ala sarta Ingsun amatrapi para kang padha atindak dudu, kalawan siksa kang ala, amarga saka anggoné padha murang yekti.

فَلَمَّا نَسُوا مَا ذُكِّرُوا بِهِ أَنجَيْنَا الَّذِينَ
يَنْهَوْنَ عَنِ السُّوءِ وَأَخَذْنَا الَّذِينَ ظَلَمُوا
بِعَذَابٍ بَئِيسٍ بِمَا كَانُوا يَفْسُقُونَ ﴿١٦٥﴾

166 Mulané, bareng padha andalarung paneraké ing barang papacuh tumrap dhèwèké, Ingsun ngandika marang dhèwèké: Padha dadia (kaya) kethèk, inginakaké
a. 107 lan sinengitan.[a]

فَلَمَّا عَتَوْا عَن مَّا نُهُوا عَنْهُ قُلْنَا لَهُمْ كُونُوا
قِرَدَةً خَاسِئِينَ ﴿١٦٦﴾

167 Lan (élinga) nalikané Pangéranira angundhangaké, yèn Panjenengané yekti bakal utusan anekani dhèwèké, tumeka dina kiyamat, yaiku kang bakal anibakaké siksa kang ala marang dhèwèké; sayekti Pangéranira iku rikat temenan ing pamales (marang panggawé ala), lan sayekti Panjenengané iku satuhu Aparamarta, Mahaasih.

وَإِذْ تَأَذَّنَ رَبُّكَ لَيَبْعَثَنَّ عَلَيْهِمْ إِلَىٰ
يَوْمِ الْقِيَامَةِ مَن يَسُومُهُمْ سُوءَ الْعَذَابِ ۗ
إِنَّ رَبَّكَ لَسَرِيعُ الْعِقَابِ ۖ وَإِنَّهُ
لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٦٧﴾

168 Lan Ingsun wus amecah-mecah dhèwèké ing bumi dadi para bangsa, sawenèhé padha wong tulus lan sawenèhé (manèh) ora mangkono, lan Ingsun anyoba dhèwèké kalawan mujur lan kojur, supaya dhèwèké padha bali.

وَقَطَّعْنَاهُمْ فِي الْأَرْضِ أُمَمًا ۖ مِّنْهُمُ
الصَّالِحُونَ وَمِنْهُمْ دُونَ ذَٰلِكَ ۖ وَبَلَوْنَاهُم
بِالْحَسَنَاتِ وَالسَّيِّئَاتِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿١٦٨﴾

169 Tumuli, ing sapungkuré dhèwèké, kang gumanti, turun kang ala,[955] kang maris Kitab, mung padha ngalap barang ora langgeng ing kauripan kang asor iki sarta padha acalathu: Bakal ingapura aku. Lan manawa ana barang padhané iku tumeka marang dhèwèké, iku dhèwèké (iya) bakal nampani.[956] Apa aprajanji ing dalem Kitab ora wus kapundhut marang dhèwèké, yaiku yèn dhèwèké ora bakal padha acalathu ingatasé Allah kajaba kang sanyata, lan dhèwèké wis padha maca apa kang ana ing jeroné; lan padunungan akhirat iku luwih becik tumrap para kang padha anjaga diri (saka ing ala). Lah apa ta kowé padha ora ngerti?

فَخَلَفَ مِنْ بَعْدِهِمْ خَلْفٌ وَّرِثُوا الْكِتٰبَ
يَأْخُذُوْنَ عَرَضَ هٰذَا الْاَدْنٰى وَيَقُوْلُوْنَ
سَيُغْفَرُ لَنَا ۚ وَاِنْ يَّأْتِهِمْ عَرَضٌ مِّثْلُهٗ
يَأْخُذُوْهُ ۗ اَلَمْ يُؤْخَذْ عَلَيْهِمْ مِّيْثَاقُ
الْكِتٰبِ اَنْ لَّا يَقُوْلُوْا عَلَى اللّٰهِ اِلَّا الْحَقَّ
وَدَرَسُوْا مَا فِيْهِ ۗ وَالدَّارُ الْاٰخِرَةُ خَيْرٌ
لِّلَّذِيْنَ يَتَّقُوْنَ ۗ اَفَلَا تَعْقِلُوْنَ ﴿١٦٩﴾

170 Wondéné para kang padha gondhèlan marang Kitab lan padha anjumenengaké salat, – sayekti, Ingsun ora angilangaké ganjarané wong kang padha agawé becik.

وَالَّذِيْنَ يُمَسِّكُوْنَ بِالْكِتٰبِ وَاَقَامُوا
الصَّلٰوةَ ۗ اِنَّا لَا نُضِيْعُ اَجْرَ الْمُصْلِحِيْنَ ﴿١٧٠﴾

171 Lan nalikané Ingsun angoyag gunung ing sadhuwuré dhèwèké, kaya-kaya iku payon, lan padha nyana, yèn iku bakal anibani awaké: Padha gondhèlana kalawan kukuh apa kang wus Ingsun paringaké marang sira sarta padha angélingana apa kang ana ing jeroné, supaya sira padha anjaga dhiri saka ing ala.[957]

وَاِذْ نَتَقْنَا الْجَبَلَ فَوْقَهُمْ كَاَنَّهٗ ظُلَّةٌ
وَّظَنُّوْا اَنَّهٗ وَاقِعٌۢ بِهِمْ ۚ خُذُوْا مَا اٰتَيْنٰكُمْ
بِقُوَّةٍ وَّاذْكُرُوْا مَا فِيْهِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُوْنَ ﴿١٧١﴾

955. Para ahli basa sami amastani *Khalf* lan *khalaf* punika wonten bédanipun, ingkang angka satunggal wau *awon*, ingkang angka kalih *saé*, tumrap anak utawi turunan (Q, TA-LL). Kala kadhing tembung kakalih wau lira-liru panganggènipun.

956. Ing sakawit sami nindakaken pandamel dosa karana mélik barang-barang sapélé ing gesang sapunika punika, anggepipun piyambakipun mesthi badhé dipun apunten dosanipun; wasana lajeng sami matuh dhateng pandamelipun ingkang awon, sarta samangsa wonten kelonggaran malih, piyambakipun inggih lajeng sami nindakaken malih dosanipun lami.

957. Dodongèngan-dodongèngan ingkang dipun gubah déning sawenèh mufassirin saking

RUKU' 22

Tumitahing manusa dados pasaksèn ing kayektèning piwulangipun wahyuning Pangéran

172-174. Kasawijènipun Pangéran punika sampun katanem ing dalem kadadosanipun manusa. 175-178. Sanépanipun para ingkang sami angemohi. 179, 180. Kados pundi klèntuning panganggénipun kadadosanipun. 181. Umat ingkang ngambah margi ingkang leres.

172 Lan nalikané Pangéranira andadèkaké turuning anak-anak Adam saka ing gegeré (wong tuwané) sarta aneksekaké dhèwèké atas jiwa-jiwané dhéwé: Apa Ingsun iki dudu Pangéranira? padha munjuk: Inggih, kawula sami aneksèni. Supaya sira ing dina kiyamat ora bakal angucap: Saèstu, kawula punika, tumrap
Ut. *kasupèn* (prakawis) punika sami *léna*.[958]

وَإِذْ أَخَذَ رَبُّكَ مِنْ بَنِيٓ ءَادَمَ مِن ظُهُورِهِمْ ذُرِّيَّتَهُمْ وَأَشْهَدَهُمْ عَلَىٰٓ أَنفُسِهِمْ أَلَسْتُ بِرَبِّكُمْ ۖ قَالُوا۟ بَلَىٰ ۛ شَهِدْنَآ ۛ أَن تَقُولُوا۟ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ إِنَّا كُنَّا عَنْ هَٰذَا غَٰفِلِينَ ﴿١٧٢﴾

---

pangandika ingkang cekak punika, kedah katulak. Pangandika punika lugu namung mangandikakaken pangalamanipun para pinisepuh Israil nalika sami wonten ing sukuning redi, ingkang anjenggeleg wonten ing sanginggilipun para titiyang wau. Lindhu ageng ingkang kasebut ing ayat 155, mahanani para titiyang wau anggadhahi panginten manawi badhé kajugrugan ing redi wau. Miturut LA tegesipun ingkang sakawit *natq* punika *za'za'a*, jawinipun *ebah*, *gonjang-ganjing*, *oyag*, utawi *andadosaken satunggaling barang oreg*; utawi sadhéngah *ebah*, *gonjang-ganjing* utawi *oyag ingkang sanget* (LL).

Awit saking punika ukara زعزعت الريح الشجرة punika tegesipun *angin angoyag wit* (TA-LL). Dados, tembung *nataqnâ* ingkang dipun agem, boten tembung *rafa'na*, punika anyethakaken kalayan gamblang bilih redi wau oyag ingkang kalayan sanget déning lindhu, nalika para pinisepuh Israil sami wonten ing sukuning redi. IJ inggih amèngeti teges makaten punika, awit panjenenganipun mastani tembung *nataqa* wonten ing ukara *nataqa-nî* punika sami kaliyan tembung *haraka* (jawinipun *oyag ingkang sanget*). Wonten ukara malih makaten ما نتق برجله tegesipun *dhèwèké ora anggedrug-aké sikilé* (IJ). *Natq* ugi gadhah teges sanèsipun malih, inggih punika *ngrungkad dalah saoyodipun*. Nadyan silih nganggé teges punika, manawi kanggé nembungaken redi inggih boten kok lajeng ateges redi wau sadaya dipun bedhol dalah saoyod-oyodipun. Ukara امرأة ناتق punika tegesipun *tiyang èstri ingkang kathah anakipun,* utawi *tiyang èstri ingkang nglahiraken anak tumaruntun*; lah tembung *natq* ingkang kanggé nembungaken redi, punika raosipun inggih mengku teges ingkang makaten punika, inggih punika redi anjeblug amutahaken séla tuwin latu, sinarengan ing lindhu.

958. Wonten hadits ingkang suraosipun mangandikakaken bilih sadaya tedhak turunipun Adam punika sami kapundhutan sasanggeman kados ingkang kasebutaken wonten ing ayat punika ing kalanipun katitahaken ing sakawit (Rz). Nanging kathah sanget para mufassirin ingkang anglirwakaken hadits wau. Ayat punika boten mangandikakaken angedalaken turun saking Adam, wangsul saking putra-wayahipun Adam, dados terang manawi ingkang makaten punika tumrap sadaya manusa samangsa katitahaken. Awit saking punika pasaksi wau inggih pasaksi ingkang kagelar déning kudrat tumitahaipun manusa piyambak (Rz). Menggah ing sajatos-jatosipun pasaksi wau saminipun ingkang wonten ing panggènan sanès kapangandikakaken: gumelar wonten ing dumadosipun manusa "dumadi kang katitahaké déning Allah, kang Panjenengané wus anitahaké para manusa ana ing kono" (30: 30).

173 Utawa (supaya) sira ora bakal padha ngucap: Namung bapak-bapak kawula ingkang kala rumiyin anjèjèraken (sisihan dhateng Allah) sarta kawula punika turun ing sapengkeripun; lah punapa Tuwan badhé anglebur kawula amargi saking pandamelipun para ingkang atindak lepat?

أَوْ تَقُولُوٓا إِنَّمَآ أَشْرَكَ ءَابَآؤُنَا مِن قَبْلُ
وَكُنَّا ذُرِّيَّةً مِّنۢ بَعْدِهِمْ ۖ أَفَتُهْلِكُنَا
بِمَا فَعَلَ ٱلْمُبْطِلُونَ ﴿١٧٣﴾

174 Lan kaya mangkono anggon-Ingsun amijang-mijangaké timbalan-timbalan, lan supayané manawa-manawa dhèwèké bakal padha bali.

وَكَذَٰلِكَ نُفَصِّلُ ٱلْءَايَٰتِ وَلَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿١٧٤﴾

175 Lan sira macakna marang dhèwèké wartané wong kang Ingsun paringi timbalan-timbalan Ingsun, ananging oncat saka ing kono, mulané sétan anglud[959] dhèwèké, dadi dhèwèké kalebu éwoné wong kang padha *lebur*.[960]

Ut. *nandhang cuwa*

وَٱتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَأَ ٱلَّذِىٓ ءَاتَيْنَٰهُ ءَايَٰتِنَا فَٱنسَلَخَ
مِنْهَا فَأَتْبَعَهُ ٱلشَّيْطَٰنُ فَكَانَ مِنَ ٱلْغَاوِينَ ﴿١٧٥﴾

176 Manawa Ingsun angarsakna, sayekti, amarga saka iku, dhèwèké Ingsun luhuraké, ananging karaket marang bumi;[961] sarta manut pépénginané kang asor; mulané, sanépané kaya sanépané asu: manawa sira serang mèlèd-mèlèd, utawa sira togaké baé (iya) mèlèd-mèlèd; iki sanépané wong

وَلَوْ شِئْنَا لَرَفَعْنَٰهُ بِهَا وَلَٰكِنَّهُۥٓ أَخْلَدَ
إِلَى ٱلْأَرْضِ وَٱتَّبَعَ هَوَىٰهُ ۚ فَمَثَلُهُۥ كَمَثَلِ
ٱلْكَلْبِ إِن تَحْمِلْ عَلَيْهِ يَلْهَثْ أَوْ
تَتْرُكْهُ يَلْهَث ۚ ذَّٰلِكَ مَثَلُ ٱلْقَوْمِ ٱلَّذِينَ

959. *Atba'ahû* (saking tembung *tabi'a*, jawinipun *manut* utawi *tut wingking*), punika wonten ing ngriki ateges *angelud dhèwèké* (TA-LL).

960. Tiyang-tiyang ingkang dipun pangandikakaken ing ayat punika inggih punika Balaam, Umayyah bin Abi Salt, Abu 'Amir tuwin sadaya para lamis. Nanging katrangan ingkang prayogi piyambak punika katranganipun Qatadah ingkang anerangaken makaten: *Kang dipangandikakaké ayat iki umum, yaiku sadhéngah wong kang wis olèh pituduh nanging banjur malèngos saka iku* (Rz). Paham punika cocog kaliyan ingkang kasebut wonten ing pungkasaning sanépa ing ayat 176, *iki sanépané wong kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun.* Dados pratélan ingkang kasebut wonten ing ayat 175 tuwin ing wiwitaning ayat 176 punika pratélan umum boten nuju dhateng tiyang ingkang tartamtu.

961. *Bumi* ing ngriki ateges sadaya barang ingkang bangsa siti (kadonyan) tuwin barang ingkang sapélé.

kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun; mulané nyaritakna carita iki, supaya dhèwèké padha mikir-mikira.

كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا ۚ فَاقْصُصِ الْقَصَصَ لَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُونَ ﴿١٧٦﴾

177 Ala sanépané wong kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun lan kang padha atindak dudu marang jiwané dhéwé.

سَاءَ مَثَلًا الْقَوْمُ الَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا وَأَنْفُسَهُمْ كَانُوا يَظْلِمُونَ ﴿١٧٧﴾

178 Sapa sing tinuntun déning Allah, lah ya iku sing angambah dalan kang bener, lan sapa sing kasasaraké déning Panjenengané, lah yaiku sing padha kapitunan.

مَنْ يَهْدِ اللَّهُ فَهُوَ الْمُهْتَدِي ۖ وَمَنْ يُضْلِلْ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْخَاسِرُونَ ﴿١٧٨﴾

179 Lan sayekti temen Ingsun anitahaké sapirang-pirang jin lan manusa tumrap naraka; padha duwé ati, iku ora dianggo mangertèni; lan padha duwé mripat, iku ora dianggo andeleng; lan padha duwé kuping, iku ora dinggo angrungokaké; iki kaya raja-kaya, malah padha luwih sasar; iki para wong kang léna.[962]

وَلَقَدْ ذَرَأْنَا لِجَهَنَّمَ كَثِيرًا مِنَ الْجِنِّ وَالْإِنْسِ ۖ لَهُمْ قُلُوبٌ لَا يَفْقَهُونَ بِهَا وَلَهُمْ أَعْيُنٌ لَا يُبْصِرُونَ بِهَا وَلَهُمْ آذَانٌ لَا يَسْمَعُونَ بِهَا ۚ أُولَٰئِكَ كَالْأَنْعَامِ بَلْ هُمْ أَضَلُّ ۚ أُولَٰئِكَ هُمُ الْغَافِلُونَ ﴿١٧٩﴾

180 Lan kagunganing Allah asma-asma minulya[963] iku, mulané padha nyunyuwuna Panjenengané

وَلِلَّهِ الْأَسْمَاءُ الْحُسْنَىٰ فَادْعُوهُ بِهَا ۖ

962. Wekasaning ayat anggamblangaken pangandika ing sadèrèngipun. Kathah tiyang lan jinn ingkang katitahaken kanggé isèn-isèning naraka, nanging sadaya wau boten sanès inggih para ingkang sami lirwa lan boten anggapé ing dhawuh-dhawuh. Piyambakipun sami kaparingan manah, nanging boten dipun anggé manah dhateng yakti; kaparingan mripat, boten kanggé ningali yakti; kaparingan talingan, piyambakipun inggih ambudheg dhateng yakti. Punika sadaya kasebutaken kanggé anedahaken bilih anggènipun katitahaken déning Allah punika boten kadamel béda kaliyan sanès-sanèsipun, wangsul piyambakipun piyambak punika ingkang boten purun migunakaken pirantos-pirantos paparingipun Allah. Dados anggènipun migunakaken kalayan boten leres indriyanipun, punika ingkang murugaken sami kacemplung naraka.

963. الْأَسْمَاءُ الْحُسْنَىٰ punika tegesipun *asma-asma ingkang amedharaken sifat-sifatipun Pangéran ingkang sakalangkung luhur* (Rz). Sifat-sifat wau kasebutaken wonten ing Quran Suci. *Anebut* utawi *nyunyuwun ing Panjenenganipun mawi asma-asma wau*, punika boten kok ateges nebut marambah-rambah asma-asma wau kanthi dipun étangi mawi tasbéh; Kanjeng Nabi boten naté nindakaken ingkang makaten punika. Déné ingkang dipun karsakaken inggih punika: tiyang kedah tansah ènget dhateng sifat-sifatipun Pangéran, sarta anggugulang kasèrènan sifat-sifat wau.

kalawan iku lan padha ninggala para kang padha anerak kasucianing asma-asma-Né;[964] dhèwèké bakal padha winales apa kang wus padha dilakoni.

وَذَرُوا الَّذِينَ يُلْحِدُونَ فِي أَسْمَائِهِ ۚ سَيُجْزَوْنَ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٨٠﴾

181 Lan sawenèhé kang Ingsun titahaké, ana umat sawiji, kang anuntun kalawan yakti, sarta kalawan iku anggoné atindak adil.

وَمِمَّنْ خَلَقْنَا أُمَّةٌ يَهْدُونَ بِالْحَقِّ وَبِهِ يَعْدِلُونَ ﴿١٨١﴾

RUKU' 23

Dhumawahing pidana

182-186. Siksaning Pangéran sampun celak. 187, 188. Pitakènan prakawis wancinipun.

182 Lan para kang padha anggorohaké ing timbalan-timbalan-Ingsun, padha Ingsun cedhakaké (marang karusakan) kalawan sarenti, dhèwèké padha ora weruh saka ngendi.

وَالَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا سَنَسْتَدْرِجُهُمْ مِنْ حَيْثُ لَا يَعْلَمُونَ ﴿١٨٢﴾

183 Lan ingsun aparing sumené marang dhèwèké; sayekti rancangan Ingsun iku kukuh.[965]

وَأُمْلِي لَهُمْ ۚ إِنَّ كَيْدِي مَتِينٌ ﴿١٨٣﴾

---

964. *Yulhidûn* punika saking tembung *alhada*, jawinipun nyimpang saking ener ingkang leres tumrap satunggaling barang; mila lajeng wonten ukara الحد في الحرم, jawinipun *nyanyamah haram lan nerak kasucianipun* (LL). Teges punika ugi mathuk tumrap wonten ing ukara يلحدون في اسمائه kados déné ing ayat punika. Miturut Rgh, الحاد في اسماء الله punika ateges *nyimpang saking margi ingkang leres ing babagan asma-asmanipun Allah, utawi nerak kasucianing asma-asma-Nipun*, sarta punika wonten warni kalih: sapisan, *nyifati Pangéran kalayan sifat-sifat ingkang boten pantes tumrap Panjenenganipun*; kaping kalih, *merdèni sifat-sifat-Ipun kalayan cara ingkang boten mungguh tumrap Panjenenganipun*; Rz nyebutaken tigang warni: (1) namakaken titah sanès mawi asmanipun Allah ingkang suci; (2) namakaken Allah mawi nama ingkang boten mungguh tumrap Panjenenganipun, (3) anebut Allah mawi nama ingkang boten kasumerepan tegesipun. Dados, sawarnining mangéran kathah punika nerak kasucianing asma-asmanipun Pangéran.

965. Tegesipun tembung *kaid* (ingkang ing ngriki dipun tegesi *rancangan*) punika boten prabéda lan tembung *makr* asring nukulaken seling-serep. Miturut LA *kaid* punika mengku teges *angecakaken kaprigelan, kasagedan, kagunan lan kawegigan ing nalika nguwaosi utawi nyepeng prakawis, tur kanthi pangatos-atos lan setiti, serta saged nguwaosi kalayan wegig manut kajengipun piyambak ingkang mardika* (LL). Dados tembung wau dipun anggé kanggé tumrap saé kénging, awon inggih kénging. Tegesipun ingkang saé kacethakaken malih. Kadosta LL negesi *kâda* (tembungipun lingga: *kaid*) *ngrantam*, *ngrencana*, *nganggit satunggaling barang*, *sami ugi saé punapa awon* (LA). Malih, *kâda* (*mudlari'*-ipun mungel, *yakîdu*) jawinipun *nindakaken* utawi *nandangi satunggaling barang*; *nandangi*, *nyengkud*, *nyarempeng*, *nindakaken* utawi *ngrampungaken satunggaling barang; nandangi,*

184 Apa ta dhèwèké ora padha mikir-mikir, yèn mitrané iku ora lara èngetan: dhèwèké iku ora liya kajaba juru-pépéling kang terang.

أَوَلَمْ يَتَفَكَّرُوا ۗ مَا بِصَاحِبِهِم مِّن جِنَّةٍ ۚ إِنْ هُوَ إِلَّا نَذِيرٌ مُّبِينٌ ﴿١٨٤﴾

Ut. *semayané*

185 Apa ta ora padha angawasaké karatoning langit-langit lan bumi sarta barang apa baé kang wis katitahaké déning Allah, lan mbok manawa kena uga *karusakané* wis cedhak; lah undhang apa sing dhèwèké padha angestokaké sawisé iku.

أَوَلَمْ يَنظُرُوا فِي مَلَكُوتِ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا خَلَقَ اللَّهُ مِن شَيْءٍ وَأَنْ عَسَىٰ أَن يَكُونَ قَدِ اقْتَرَبَ أَجَلُهُمْ ۖ فَبِأَيِّ حَدِيثٍ بَعْدَهُ يُؤْمِنُونَ ﴿١٨٥﴾

a. 44

186 Sapa sing disasaraké déning Allah[a] dhèwèké ya ora dhuwé panuntun, sarta Panjenengané angetogaké dhèwèké ing dalem pandaluyané kalawan padha bingung mak-makan.

مَن يُضْلِلِ اللَّهُ فَلَا هَادِيَ لَهُ ۚ وَيَذَرُهُمْ فِي طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُونَ ﴿١٨٦﴾

187 Dhèwèké padha takon marang sira prakara wayahé[966] kapan bakal kalakoné? Calathua: Kawruh prakara iku mung dumunung ing Pangéranku; iku ora ana kang bakal ambuka ing waktuné kajaba Panjenengané; bakal abot sanggané ing langit-langit lan bumi; ora bakal anekani sira kajaba kalawan ngegèt. Dhèwèké padha takon marang sira, kaya-kaya sira iku

يَسْأَلُونَكَ عَنِ السَّاعَةِ أَيَّانَ مُرْسَاهَا ۖ قُلْ إِنَّمَا عِلْمُهَا عِندَ رَبِّي ۖ لَا يُجَلِّيهَا لِوَقْتِهَا إِلَّا هُوَ ۚ ثَقُلَتْ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ لَا تَأْتِيكُمْ إِلَّا بَغْتَةً ۗ يَسْأَلُونَكَ كَأَنَّكَ

---

nyarempeng satunggaling barang karana badhé anggayuh satunggaling sedya (S, LA-LL). Guritan Arab gubahanipun Al-Ajjaj ingkang dipun pethik LL wonten ing bab tembung *amr*, saged suka papadhang tegesipun ingkang sajati tembung *kaid*: اذردها بكيده فارتدت الى امار وامارمدتى Tegesipun: *Nalika Panjenengané (Allah) amaringaké iku (inggih punika rohku) kalayan paréntah-É kang wegig lan kawasa-Né, banjur kaparingaké ...... tumeka waktu kang wus katamtokaké lan tumeka waktu pundhating wawangenku kang wus tinamtu*. Lah ing ngriku tembung *kaid* punika dipun jarwani *paréntah ingkang wegig*, boten dipun jarwani *upaya* utawi *apus-krama*. Tembung wau ugi dipun anggé kalayan mengku teges *harb*, *perang*, kados déné ingkang kasebut ing hadits لهم يلق كيدا jawinipun dhèwèké ora nranjuhi perang.

966. Inggih punika wekdal ingkang kaancamaken manawi badhé dados wekdal leburipun. Tembung *sâ'ah* utawi *wekdal* (*sa'at*) punika kagem wonten ing Quran Suci kalayan mengku teges leburipun tiyang duraka ing gesang sapunika punika ugi tuwin wekdal gumelaripun ingkang sampurna pradana lan pidana bénjing ing akhirat.

marang sira, kaya-kaya sira iku mrihatinaké prakara iku. Calathua: Kawruh prakara iku mung dumunung ing Allah, nanging kèh-kèhané manusa padha ora weruh.

حَفِيٌّ عَنْهَا ۖ قُلْ إِنَّمَا عِلْمُهَا عِندَ اللَّهِ
وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿١٨٧﴾

188 Calathua: Aku iki ora anguwasani paédah lan ora (anguwasani) pituna tumrap jiwaku dhéwé, kajaba apa sing Allah angarsakaké; lan saupama aku iki weruha kang ora katon, sayekti aku wis angakèh-akèhaké kabecikan lan ora bakal ala anggepok aku; aku iki ora liya mung juru-pépéling sarta juru-martani becik tumrap para wong-wong kang padha angèstu.[967]

قُل لَّا أَمْلِكُ لِنَفْسِي نَفْعًا وَلَا ضَرًّا إِلَّا
مَا شَاءَ اللَّهُ ۚ وَلَوْ كُنتُ أَعْلَمُ الْغَيْبَ
لَاسْتَكْثَرْتُ مِنَ الْخَيْرِ وَمَا مَسَّنِيَ
السُّوءُ ۚ إِنْ أَنَا إِلَّا نَذِيرٌ وَبَشِيرٌ
لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿١٨٨﴾

RUKU' 24

Sabda pamungkas

189, 190. Tumiyungipun manusa dhateng manembah pangéran kathah. 191-193. Boten ngéndahaken panguwuhipun Kanjeng Nabi. 194, 195. Panantang. 196-199. Kamenanganipun Kanjeng Nabi sarta cabaring mengsahipun. 200, 201. Pangawon-awonipun sétan. 202-206. Panyuwun sarta adhedhepé kadhawuhaken.

967. Ayahanipun Kanjeng Nabi kapangandikakaken kalayan sakalangkung déning pasaja nanging linuhung. Dhateng para angèstu panjenenganipun paring pawartos bibingah bilih sami badhe angsal kamenangan; dhateng para ingkang sami anindakaken pandamel awon panjenenganipun paring pèpènget bilih sami badhé manggih wohipun ingkang awon pandamelipun wau, inggih ing gesang sapunika ugi, inggih ing gesang ing bénjing; nanging panjenenganipun boten ngaken-aken kasinungan kawasa kados kawasanipun Pangéran. Bangsa Arab punika bangsa ingkang remen gugon-tuhon, saupami Kanjeng Nabi karsa, saged kémawon panjenenganipun ngaken-aken kagungan panguwaos lan kasektèn ageng ingkang nyebal ing kalimrahan. Nanging patining wasitanipun Kanjeng Nabi punika kados déné ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat punika. Kathah cicriyosan ingkang nyariyosaken bilih tiyang kathah sok amastani panjenenganipun kagungan kawasa kados kawasanipun Pangéran, nanging panjenenganipun lajeng anyirnakaken panganggep ingkang lepat wau kalayan pangandika ingkang terang gamblang, ingkang wigatos nulak panganggepipun tiyang kathah wau. Kacariyos nunggil sadinten kaliyan sédanipun ingkang putra kakung Ibrahim, kapinujon wonten grahana surya ngantos telas. Titiyang kathah lajeng sami raraosan bilih suremipun surya wau margi saking sédanipun ingkang putra Kanjeng Nabi. Saupami dipun etogna kémawon panganggepipun tiyang kathah ingkang boten leres wau bokmanawi malah saged amewahi kaluhuranipun Kanjeng Nabi wonten ing mripatipun titiyang kathah wau. Nanging Kanjeng Nabi boten karsa tumindak makaten wau sarta panjenenganipun boten marengaken titiyang wau sami dumunung ing sasar, mila panjenenganipun lajeng medhar pangandika dhateng titiyang kathah makaten: "Sayekti srengéngé lan rembulan iku tandha-yektiné Pangéran; sakaroné ora padha grahana marga matiné sapa baé, lan iya ora marga saka uripé sapa baé: mulané manawa kowé padha nyumurupi iku, lah padha èlinga ing Allah, mahaluhurna Panjenengané, padha nyunyuwuna marang Panjenengané lan padha awèha dana" (Bkh).

189 Panjenengané iku Kang wus anitahaké sira saka babakalan sawiji, sarta agawé jodhoné saka
a. 531 (jinis) iku (uga)[a] supaya dhèwèké tumiyunga mrono;[968] mulané, bareng dhèwèké wus angrukubi iki, iki (banjur) angandhut kandhutan kang ènthèng, (sarta) banjur ginawa lumaku, ananging barang iku dadi abot sakaroné nyunyuwun ing Allah, Pangérané: Manawi Tuwan amaringi kawula ingkang saé, saèstu kawula badhé sami dados éwonipun ingkang sami sukur.[969]

هُوَ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ
وَجَعَلَ مِنْهَا زَوْجَهَا لِيَسْكُنَ إِلَيْهَا ۖ
فَلَمَّا تَغَشَّاهَا حَمَلَتْ حَمْلًا خَفِيفًا فَمَرَّتْ
بِهِ ۖ فَلَمَّا أَثْقَلَتْ دَعَوَا اللَّهَ رَبَّهُمَا لَئِنْ
آتَيْتَنَا صَالِحًا لَنَكُونَنَّ مِنَ الشَّاكِرِينَ ﴿١٨٩﴾

190 Ananging bareng Panjenengané wus amaringi sakaroné kang becik, sakaroné angadegaké sisihan-sisihan tumrap Panjenengané ing dalem barang paparing-É marang sakaroné; ananging Mahaluhur Allah iku saka apa kang dianggo nisihi (Panjenengané).

فَلَمَّا آتَاهُمَا صَالِحًا جَعَلَا لَهُ شُرَكَاءَ
فِيمَا آتَاهُمَا ۚ فَتَعَالَى اللَّهُ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿١٩٠﴾

191 Apa! Dhèwèké padha anisihi (Panjenengané kalawan) barang kang ora anitahaké apa-apa, malah padha tinitahaké!

أَيُشْرِكُونَ مَا لَا يَخْلُقُ شَيْئًا وَهُمْ يُخْلَقُونَ ﴿١٩١﴾

192 Lan padha ora kawasa atutulung marang dhèwèké sarta ora (kawasa) atutulung awaké dhéwé.

وَلَا يَسْتَطِيعُونَ لَهُمْ نَصْرًا وَلَا
أَنْفُسَهُمْ يَنْصُرُونَ ﴿١٩٢﴾

---

968. *Sakn* punika tegesipun ingkang asli *kéndel, jenjem, tentrem*. Nanging سكن اليه tegesipun kumandel utawi suméndhé marang iku cikbèn tentrem atiné (S, Q-LL), utawi tumiyung marang dhèwèké, utawi kulina marang dhèwèké (Msb-LL). Kf tuwin Bd ugi nganggé teges punika.

969. Panyuraos bilih ayat punika mengku dodongèngan ingkang nyariyosaken Adam lan Hawwa' lan anggènipun nyukani nama anakipun: *Abdul Hârits*, mangka *Hârits* makaten namanipun sétan, punika sadaya dipun tulak déning para mufassirin ingkang kénging dipun pitados (Rz). Anèhipun déné miturut hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi ingkang kasebut wonten ing kitab haditsipun Abu Dawud (Mishkat, sh. Asâmi), nama *Hârits* punika nama ingkang saé piyambak, milanipun mokal yèn ta nama wau namanipun sétan. Tetembunganipun ayat punika mengku suraos umum, karupeken manawi dipun olah dados dongèng Adam lan Hawwa'. Ayat punika anggambaraken kawontenanipun manusa umumipun tuwin anggelar pasaksèn saking kudrat dumadosipun, awit manusa makaten samangsa manggih kasusahan purun wangsul dhateng Allah, nanging manawi manggih sakéca lajeng sami ngalap sesembahan sanès-sanèsipun utawi ngalap sesembahan pépénginanipun ingkang asor jiwanipun piyambak. Sampun cetha ayat punika nacad para manembah brahala Arab anggènipun sami anyisihi

193 Lan manawa dhèwèké padha sira ajak marang tuntunan, ora bakal padha manut ing sira; padha ingatasé sira, apa sira angajak dhèwèké apa ta sira meneng baé.[970]

وَإِن تَدْعُوهُمْ إِلَى الْهُدَىٰ لَا يَتَّبِعُوكُمْ ۚ سَوَاءٌ عَلَيْكُمْ أَدَعَوْتُمُوهُمْ أَمْ أَنتُمْ صَامِتُونَ ﴿١٩٣﴾

194 Sayekti para kang padha sira uwuh saliyané Allah, iku *dumunung ing kahanan batur,* papadhanira;[971] lah coba padha nyuwuna marang dhèwèké, cikbèn pdha anyembadani marang sira, manawa sira iku padha wong temen.

Ar. *kawula*

إِنَّ الَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِ اللَّهِ عِبَادٌ أَمْثَالُكُمْ ۖ فَادْعُوهُمْ فَلْيَسْتَجِيبُوا لَكُمْ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿١٩٤﴾

195 Apa padha duwé sikil kanggo mlaku, apa ta duwé tangan kanggo nyenyekel, apa ta duwé tangan kanggo nyekel, apa ta duwé mripat kanggo andeleng, apa ta duwé kuping kanggo ngrurungu? Calathua: Padha nguwuha para sisihanira, banjur padha anandukna upaya marang aku, lan aja awèh sumené marang aku.

أَلَهُمْ أَرْجُلٌ يَمْشُونَ بِهَا ۖ أَمْ لَهُمْ أَيْدٍ يَبْطِشُونَ بِهَا ۖ أَمْ لَهُمْ أَعْيُنٌ يُبْصِرُونَ بِهَا ۖ أَمْ لَهُمْ آذَانٌ يَسْمَعُونَ بِهَا ۗ قُلِ ادْعُوا شُرَكَاءَكُمْ ثُمَّ كِيدُونِ فَلَا تُنظِرُونِ ﴿١٩٥﴾

196 Sayekti, pangayomanku iku Allah, Kang wus anurunaké Kitab, lan Panjenengané iku amawongmitra para wong tulus.

إِنَّ وَلِيِّيَ اللَّهُ الَّذِي نَزَّلَ الْكِتَابَ ۖ وَهُوَ يَتَوَلَّى الصَّالِحِينَ ﴿١٩٦﴾

197 Lan para kang padha sira uwuh saliyané Panjenengané iku ora kawasa mitulungi sira lan ora kawasa mitulungi awaké dhéwé.[972]

وَالَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِهِ لَا يَسْتَطِيعُونَ نَصْرَكُمْ وَلَا أَنفُسَهُمْ يَنصُرُونَ ﴿١٩٧﴾

Allah kaliyan sesembahan sanès: bab punika kacetha saking ayat 190 tuwin ayat-ayat candhakipun anggènipun ngagem tembung *jama'* (tembung ingkang nélakaken kathah).

970. Kacundhukna kaliyan 2: 6 ing ngriku lajeng cetha bilih ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat kakalih wau sami, inggih punika para titiyang wangkot ingkang boten sami purun ngalap piguna saking pèpènget lan saking pitutur.

971. '*Ibâd* punika *jama'*-ipun '*abd*, ingkang ateges *kawula* utawi *abdi*, sarta tumrap ing manusa mengku teges abdinipun Ingkang-Nitahaken. Nanging rèhning tembung *kawula* punika kirang mathuk manawi kanggé nembungaken brahala, mila tembung wau kula tegesi *dumunung ing kahanan batur*.

972. Ayat punika mengku piweca ingkang terang gamblang, inggih punika: para ingkang sami milawani sami badhé larut panguwaosipun bénjing ing paprangan ingkang badhé dhateng, awit ing nalika punika sesembahan-sesembahanipun boten saged mitulungi punapa-punapa dhateng piyambakipun. Malah boten namung makaten kémawon, sesembahan-sesembahan wau, inggih punika brahala-brahala, boten kawasa milujengaken awakipun piyambak, sarta badhé dipun sirnakaken ngantos tapis.

198 Lan manawa dhèwèké padha sira ajak marang tuntunan, padha ora ngrungokaké; lan sira weruh dhèwèké padha andeleng marang sira, ananging padha ora weruh.

وَإِنْ تَدْعُوهُمْ إِلَى الْهُدَىٰ لَا يَسْمَعُوا ۖ وَتَرَاهُمْ يَنْظُرُونَ إِلَيْكَ وَهُمْ لَا يُبْصِرُونَ ﴿١٩٨﴾

199 Asikepa pangapura lan aparéntaha marang kabecikan sarta anyingkira saka wong bodhobodho.

خُذِ الْعَفْوَ وَأْمُرْ بِالْعُرْفِ وَأَعْرِضْ عَنِ الْجَاهِلِينَ ﴿١٩٩﴾

200 Lan manawa pangala-ala saka sétan angenani sira[973] lah nyuwuna ngayom ing Allah; sayekti Panjenengané iku Amiyarsa, Angudanèni.

وَإِمَّا يَنْزَغَنَّكَ مِنَ الشَّيْطَانِ نَزْغٌ فَاسْتَعِذْ بِاللَّهِ ۚ إِنَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٠٠﴾

201 Sayekti, para kang padha anjaga dhirine (saka ing ala) iku, samangsa pangrancanganing[974] sétan angenani awaké, (banjur) padha éling, tumuli padha sakala padha awas.[975]

إِنَّ الَّذِينَ اتَّقَوْا إِذَا مَسَّهُمْ طَائِفٌ مِنَ الشَّيْطَانِ تَذَكَّرُوا فَإِذَا هُمْ مُبْصِرُونَ ﴿٢٠١﴾

---

973. Tegesipun ingkang sakawit *nazagahû* punika *nacad dhèwèké lan andalih dhèwèké nindakaké kaluputan lan ngala-ala dhèwèké* (TA). Tembung wau ugi ateges nanem *wijining pepecahan*, sarta kalayan mengku teges punika tembung wau dipun agem wonten ing pangandika ing 12: 100. Miturut Rgh tembung wau ateges *nyampuri satunggaling prakawis kalayan mengku sedya badhé angrisak prakawis wau*. Kacariyos tembung wau ugi ateges *adamel gendra* utawi *adamel gègèr* (Rz). Ingkang kula anggé teges ingkang angka satunggal wau, inggih punika *nazg* dipun tegesi *pangala-ala*. Sétan ing ngriki, kados déné ingkang asring kasebut wonten ing Quran, ateges para mengsah ingkang awatek sétan, ingkang sami nyebar-nyebaraken sawarnining pawartos palsu ing babagan Kanjeng Nabi, awit saking punika panjenenganipun kadhawuhan nyuwun pangayoman ing Allah saking pakartining sétan-sétan wau. Paham punika cocog sanget kaliyan pangandikaning ayat sadèrèngipun, ingkang andhawuhaken supados Kanjeng Nabi ngapunten lan malèngos saking para ingkang sami bodho. Utawi, manawi dipun tegesi *adamel gègèr*, mengku suraos gègèr ingkang adamel makantar-kantaring manah, samangsa tiyang pinuju nepsu (Rz).

Prayogi katerangaken pisan wonten ing ngriki, wonten satunggaling hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi, ingkang kalayan cetha mangandikakaken bilih sétan aniyupaken awon dhateng manahing manusa, punika tumrap pun sétan nama sumarah (Ar. *aslama*) (Rz). Dados manawi *nazg* ing ngriki dipun suraos bobolèhan utawi *godhanipun* sétan, punika boten leres.

974. *Thâif* tegesipun *pangrancana* (TA-LL), asalipun ateges *mubeng-mubeng*. *Pangrancananing sétan* punika *lalampahan ingkang nusahaken* utawi *kasusahan* ingkang dhatengipun saking sétan, utawi tiyang duraka ingkang tumindak nglawan dhateng para tulus. Utawi pangrancananing sétan punika kénging dipun tegesi kanepson ingkang sok andadosaken manusa purengen ngantos boten ènget, awit *thâif* makaten *ateges boten saras akalipun*, kanepson, utawi *bobolèhan* (Rz).

975. Margi saking anggènipun kasèrènan kawaskithan, dadosipun para titiyang wau sami sumerep marginipun uwal saking kasusahan, utawi kénging dipun tegesi: piyambakipun boten saged kalimput ing nepsu.

202 Lan para saduluré[976] padha angundhaki dhèwèké ing dalem panasaran, tumuli ora padha uwis-uwis.

وَإِخْوَانُهُمْ يَمُدُّونَهُمْ فِي الْغَيِّ ثُمَّ
لَا يُقْصِرُونَ ﴿٢٠٢﴾

Ut. *agawé-gawé*

203 Lan samangsa sira ora anekani tandha yekti ing dhèwèké, padha calathu: Ya géné kowé ora *anjaluk* iku? Calathua: Aku iki mung miturut apa kang diwedhar-aké marang aku saka Pangéranku: iki bukti-bukti kang terang saka Pangéranira sarta tuntunan tuwin wilasa tumrap wong kang padha angèstu.

وَإِذَا لَمْ تَأْتِهِمْ بِآيَةٍ قَالُوا لَوْلَا
اجْتَبَيْتَهَا ۚ قُلْ إِنَّمَا أَتَّبِعُ مَا يُوحَىٰ إِلَيَّ
مِنْ رَبِّي ۚ هَٰذَا بَصَائِرُ مِنْ رَبِّكُمْ
وَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٢٠٣﴾

204 Lan samangsa Qur'an wina-ca lah iku sira padha angrungokna sarta dipadha sidhem, supaya sira padha pinaringan wilasa.

وَإِذَا قُرِئَ الْقُرْآنُ فَاسْتَمِعُوا لَهُ وَ
أَنْصِتُوا لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿٢٠٤﴾

205 Lan élinga Pangéranira ing dalem atinira kalawan adhedhépé sarta wedi tuwin ucap kang ora sora, ing wayah ésuk lan soré, sarta sira aja dadi éwoné wong kang padha léna.[977]

وَاذْكُرْ رَبَّكَ فِي نَفْسِكَ تَضَرُّعًا وَخِيفَةً
وَدُونَ الْجَهْرِ مِنَ الْقَوْلِ بِالْغُدُوِّ
وَالْآصَالِ وَلَا تَكُنْ مِنَ الْغَافِلِينَ ﴿٢٠٥﴾

206 Sayekti, para kang padha parek Pangéranira, iku padha ora gumedhé anggoné laladi Panjenengané, sarta padha mahamulya-kaké Panjenengané tuwin padha sumungkem (ing lebu) marang Panjenengané.[978]

إِنَّ الَّذِينَ عِنْدَ رَبِّكَ لَا يَسْتَكْبِرُونَ
عَنْ عِبَادَتِهِ وَيُسَبِّحُونَهُ وَلَهُ يَسْجُدُونَ ۩ ﴿٢٠٦﴾

976. Inggih punika, sadhèrèkipun sétan, utawi mitranipun sétan saking éwoning manusa.

977. Lepat manawi kakinten bilih wontenipun tembung *ésuk* lan *soré* punika anedahaken manawi salat gangsal wekdal dèrèng kawajibaken. Wekdaling salat sampun dangu anggènipun katetepaken. Dhawuh ingkang kawarsitakaken ing ngriki, punika mengku suraos umum, inggih punika nglanggengaken ènget lan mahaluhuraken ing Pangéran ing sadhéngah wanci.

978. Manawi ayat punika kawaos prayogi lajeng sujuda, supados kawontenanipun badan wadhag saged laras kaliyan kawontenanipun ruhani manahipun.

رُكُوعَاتُهَا ١٠ سُورَةُ الْأَنْفَالِ مَدَنِيَّةٌ (٨) آيَاتُهَا ٧٥

SURAT 8

AL-ANFAL

(*Wewahan-wewahan*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*10 ruku', 75 ayat*)

Pathinipun:

Ruku'	1, 2.	Perang ing Badar.
Ruku'	3.	Margining kabegjan.
Ruku'	4.	Para Muslimin badhé dipun dadosaken juru-rumeksa Masjid Suci.
Ruku'	5.	Perang ing Badar minangka tandha kayektènipun Kanjeng Nabi Suci.
Ruku'	6.	Kamenangan punika boten gumantung ing cacah.
Ruku'	7.	Kakiyataning mengsah dados ringkih.
Ruku'	8.	Lastantuning katentreman déning kakiyatan.
Ruku'	9.	Para Muslimin kedah sumedhiya amethukaken, sanajan karoban tandhing.
Ruku'	10.	Sasambetan kaliyan Muslimin sarta kaliyan sanès-Muslimin.

Namanipun lan ingkang kawarsitakaken

Rèhning ingkang baku surat punika mligi mangandikakaken perangipun para Muslimin ingkang sapisan, milanipun masalah bab prakawis angsal barang-barangipun mengsah wonten ing paprangan, kaparingan pancasanipun wonten ing ngriki, sarta inggih awit saking punika mila surat punika kanamakaken *Al-Anfâl. Al-Anfâl* punika sok dipun jarwani kalayan boten saleresipun; *jarahan*, nanging menggah ing sajatos-jatosipun ateges wewahan; awit saking punika anggèn kula anjarwakaken nama punika béda kaliyan limrahipun jarwan ing basa Jawi.

Surat punika kawiwitan kalayan dhawuh ingkang wigatos sanget kanggé kaperluanipun kasamektan perangipun kaum Muslimin; ruku' ingkang kaping kalih mratélakaken perangipun piyambak, inggih punika perang ing Badar. Ruku' ingkang kaping tiga nedahaken margi ingkang anjog ing kamenangan, ingkang ringkesipun kémawon inggih punika ambangun-turut lan setya-tuhu dhateng Kanjeng Nabi Suci, kados ingkang kapintonaken déning para sahabat wonten ing paprangan punika, tur kalayan teteg, tatag lan tanggon salebetipun dumunung wonten ing kawontenan ingkang sakalangkung anggigirisi. Ruku' ingkang kaping sakawan nyebutaken kabegjan angsal-angsalanipun perang. Sasampunipun anedahaken upayanipun mengsah dhateng Kanjeng Nabi, ruku' punika lajeng anyebutaken bilih kaum Muslimin badhé dipun dadosaken juru rumeksa Masjid Suci ing Makkah, inggih punika Ka'bah, sarta para kafir boten kénging lumebet malih mriku. Ruku' ingkang kaping gangsal nyebutaken kamenangan ing perang Badar ingkang ageng sanget aosipun, punika minangka tandha kayektènipun Kanjeng Nabi Suci; jalaran, nadyan titiyang Muslimin namung wonten sapratiganing cacah jiwanipun mengsah, suprandéné para Muslimin angsal kamenangan saèstu, mangka tanpa asikep dadamel, kawimbuhan malih wadyabalanipun ingkang boten sapintena cacahipun, tur ingkang sabagéan ageng tiyang ingkang sampun sepuh lan laré ingkang babasan taksih tlondho lan dèrèng gadhah pangalaman, punika sanès amput-amputipun manawi katandhing kaliyan prajurit Makkah ingkang kiyat lan gagah prakosa. Ruku' ingkang kaping nem mratélakaken bilih kamenangan punika boten gumantung ing cacah lan dadamel. Ruku' ingkang kaping pitu nglajengaken anedahaken bilih paprangan wau sanget anggènipun ngringkihaken kakiyatanipun mengsah, ingkang wosipun lajeng anyebutaken anggènipun sapunika para pancer Arab sami ngajak damel prajanjian bedhamén kaliyan titiyang Muslimin, nanging ingkang ing pawingkingipun asring sami nerak prajanjian-prajanjianipun wau. Ruku' ingkang kaping wolu paring ririgen dhateng para Muslimin supados tansah samekta

RUKU' 1

Perang ing Badar

1-4. Dhawuh-dhawuh sadhiya ing perang. 5, 6. Ajrih déning kakiyataning mengsah. 7-10. Kasagahanipun Pangéran aparing pitulung sarta kamenangan.

Kalayan asmanipun Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Dhèwèké padha takon marang sira prakara wuwuhan-wuwuhan. Kandhanana: Wuwuhan-wuwuhan

يَسْـَٔلُوْنَكَ عَنِ الْاَنْفَالِ ۭ قُلِ الْاَنْفَالُ

nandukaken warastranipun lan tansah sedhiya upakartining perang, awit para Muslimin namung saged gadhah pangajeng-ajeng angsal rahayu, manawi sami kiyat lan tansah sawega ing damel. Ruku' ingkang kaping sanga paring katrangan dhateng para Muslimin, bilih piyambakipun badhé perang lumawan mengsah ingkang kathahipun ngantos tikel sadasanipun dados menggah ing sajatos-jatosipun wigatos andunungaken dhateng para Muslimin murih sami rumaos saèstu bilih piyambakipun kedah sami sumedhiya amethukaken, sanajan karoban tandhing. Ruku' ingkang wingking piyambak nerangaken ngantos sapinten kedahipun pitulung ingkang dipun sukakaken dhateng para titiyang Islam ingkang milaur kempal kaliyan sadhèrèk-sadhèrèkipun musyrik, sarwi ngantebaken kasucianipun prajanjian-prajanjian kaliyan para pancer kafir, lan sanajan prajanjian-prajanjian wau prajanjian-prajanjian kaliyan para pancer kafir, lan sanajan warganing pancer ingkang sampun Islam saged ugi nandhang pituna.

Sasambetanipun lan titimangsanipun nalika katurunaken

Perang Badar, ingkang wonten ing surat punika dados rembag ingkang baku, punika wonten ing Quran Suci asring kasebut *furqân* utawi *panyilah*, sarta sampun kasebut makaten punika wonten ing surat ingkang kaping tiga. Menggah ing urut-urutaning lalampahan ingkang manut babad, pantesipun surat punika kapapanaken wonten ing sangandhapipun surat ingkang kaping kalih. Nanging margi sifatipun surat punika suka pasaksèn kayektèning kautusipun Kanjeng Nabi Suci, mila surat punika kapapanaken wonten ing panggènan sasampunipun kenabian karembag ngantos panjang wonten ing surat ingkang sampun. Dados ingkang makaten punika dumunung maringi tuladha bab karisakan ingkang andhawahi mengsah-mengsahipun para andika nabi, ingkang kupiyanipun kasebut wonten ing babad lalampahanipun para nabi ingkang rumiyin-rumiyin ing surat ingkang sampun, wonten ing sugengipun Kanjeng Nabi piyambak. Dados tétéla manut panataning urut-urutanipun dhawuh ing Quran Suci, boten wonten papan ingkang langkung pantes malih kanggé mapanaken surat punika kajawi ing panggènanipun samangké. Sabagéan ageng surat punika tumurunipun sampun genah, manawi boten sadèrèngipun perang Badar boten let dangu, inggih boten let dangu ing sasampunipun perang Badar, inggih punika ing salebetipun taun Hijrah kalih. Nanging ayat-ayat wekasaning ruku' ingkang kaping pitu tuwin ruku' ingkang kaping wolu, nitik anggènipun kalayan terang marsitakaken anggènipun para kafir wola-wali nerak prajanjianipun, punika mratandhani manawi tumurunipun ayat-ayat wau ing salebetipun jaman ngajengaken bedhahipun nagari Makkah, utawi boten let dangu ing sasampunipun, jalaran inggih panerak-panerak wau ingkang ing wasananipun murugaken wontenipun dhawuh pangumuman lebaran, ingkang kagiyaraken wonten ing surat candhakipun. Ayat 30-35 ingkang déning sawenèh para saged kaanggep manawi katurunaken wonten ing Makkah, punika menggah ing sajatos-jatosipun andharan lalampahan ing jaman ingkang sampun kapengker, ingkang anggènipun kasebutaken wau wigatos supados dados pamanahan, murih para Muslimin tetep santosa salebetipun ngalami rekaos-rekaos énggal; langkung-langkung malih, boten wonten pasaksèn ingkang nedahaken bilih ayat-ayat wau boten tumurun ing Madinah.

iku kagungané Allah lan Utusan.[979] mulané padha di prayitna (wajibira ing) Allah sarta padha bedhamia prakarané ing antaranira, tuwin padha ambangun-turuta ing Allah lan Utusan-É, manawa sira iku padha wong angèstu.

لِلّٰهِ وَالرَّسُوْلِ ۚ فَاتَّقُوا اللّٰهَ وَاَصْلِحُوْا ذَاتَ
بَيْنِكُمْ ۖ وَاَطِيْعُوا اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗٓ اِنْ
كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ①

2 Para angèstu iku mung para kang padha giris atiné samangsa Allah sinebut, lan samangsa timbalan-timbalan-É diwacakaké marang dhèwèké padha wuwuh imané sarta marang Pangérané anggoné padha suméndhé.

اِنَّمَا الْمُؤْمِنُوْنَ الَّذِيْنَ اِذَا ذُكِرَ اللّٰهُ
وَجِلَتْ قُلُوْبُهُمْ وَاِذَا تُلِيَتْ عَلَيْهِمْ اٰيٰتُهٗ
زَادَتْهُمْ اِيْمَانًا وَّعَلٰى رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُوْنَ ②

3 Para kang padha anjumenengaké salat sarta padha mèwèhaké barang paparing-Ingsun ing dhèwèké.

الَّذِيْنَ يُقِيْمُوْنَ الصَّلٰوةَ وَمِمَّا رَزَقْنٰهُمْ
يُنْفِقُوْنَ ③

979. *Anfâl* punika *jama'*-ipun *nafl*, ingkang ateges *wewahan langkungipun saking samesthi* (AH). Miturut *Zuhri*, *nafl* lan *nâfilah* punika ateges *langkungan* utawi *wewahan ingkang kawewahaken dhateng ingkang asal* (Tz). TA sami anggènipun negesi. Mila tembung punika ateges pawèwèh manasuka dumunung sidhekah utawi pandamel saé utawi pawèwèh, utawi pandamel ingkang boten dipun wajibaken (inggih punika pandamel kautamèn) (LL). Para mufassirin sami béda-béda pamanggihipun, punapa tegesipun *wewahan* (*anfal*) ing ngriki punika. Pamanggih ingkang umum dipun ajengi, tembung punika ateges bandha ingkang angsalipun nalika wonten ing paprangan, dados nunggil teges kaliyan tembung *ganimah* (I'Ab, Mjd, 'Ik, Qt. Dk-AH). Sawenèh ngulami mastani bilih *nafl* punika sabarang ingkang dipun sukakaken dhateng para ingkang tumut perang minangka wewahan pandumanipun (LL). Nanging wonten malih katerangan ingkang langkung saé katimbang punika, ingkang ugi pipiridan saking I'Ab, inggih punika ingkang nerangaken bilih *anfal* punika ateges: *sadhéngah barang ingkang uwal saking para titiyang musyrik* (inggih punika tiyang ingkang sami merangi kaum Muslimin), *ingkang dhumawah dhateng tanganipun kaum Muslimin tanpa perang, kadosta kéwan*, utawi *kawula tumbasan*, utawi *sadhéngah bandha* (Rz). Punika béda malih kaliyan *fai*, jalaran nadyan *fai* punika angsalipun inggih tanpa perang, nanging mawi ginantungan sarat angsalipun punika ing sasampunipun kalampahan sedhiya-sedhiya perang sarta mengsah lajeng nyèlèhaken dadamelipun.

Sapunika gentos ngrembag punapa tegesipun wewahan-wewahan ingkang *kagem Allah* saha *kagem Kanjeng Rasul*. Miturut Bd, mengku teges bilih Kanjeng Rasul kedah ngedum punika kados déné ingkang kadhawuhaken déning Allah dhateng panjenenganipun. Awit saking punika, manawi *anfâl* punika dipun suraos nunggil teges kaliyan *ganimah* dhawuhipun Allah ingkang andhawuhaken ngedum punika kasebut wonten ing ayat 41. Déné manawi *anfâl* wau dipun suraos mengku teges wewahan pandumanipun para ingkang sami tumut perang, utawi ateges bandha ingkang angsalipun wonten ing peperangan tanpa perang, utawi inggih mawi sedhiya-sedhiya perang, anggènipun kaedum barang-barang wau kedah katindakaken déning Kanjeng Nabi, kados déné dhawuhipun Allah ingkang kadhawuhaken dhateng panjenenganipun, kanthi dipun larasaken kaliyan kawontenanipun ingkang mligi. Sarta nadyan dhawuh wau dipun suraos bilih barang-barang wau kagunganipun Allah lan Utusan-Ipun, meksa mengku teges bilih barang-barang wau kedah kaanggep gadhahanipun tiyang kathah, ingkang kénging katanjakaken kanggé kaperluanipun tiyang kathah. Barang-barang makaten wau boten dados bandha ingkang kadarbé déning sariranipun Kanjeng Nabi Suci piyambak.

4 Ya iki para wong angèstu temenan; dhèwèké bakal padha olèh drajat luhur sarta pangapura tuwin rijeki kang mulya saka ngarsaning Pangérané.

أُولَٰئِكَ هُمُ الْمُؤْمِنُونَ حَقًّا ۚ لَّهُمْ دَرَجَاتٌ عِندَ رَبِّهِمْ وَمَغْفِرَةٌ وَرِزْقٌ كَرِيمٌ ﴿٤﴾

5 Kaya déné anggoné Pangéranira angetokaké sira saka ngomahira kalawan yekti, sanajan sapérangané wong kang padha angèstu temen padha ora sarju;[980]

كَمَا أَخْرَجَكَ رَبُّكَ مِن بَيْتِكَ بِالْحَقِّ وَإِنَّ فَرِيقًا مِّنَ الْمُؤْمِنِينَ لَكَارِهُونَ ﴿٥﴾

980. Tembung *kamâ* ingkang ateges *kaya déné*, ing wiwitaning ayat, warni-warni sanget anggènipun nerangaken para mufassirin. Sawenèh saking anggènipun nerangaken, tembung wau sambet kaliyan punapa ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing wiwitaning dhawuh ing ayat ingkang sampun (Rz). Nanging manawi dipun gathukakaken kaliyan wekasaning dhawuh ing ayat wau, langkung cetha malih kateranganipun. Ing ayat ngriku kajanjèkaken bilih darajat luhur tuwin rijeki ingkang mulya punika badhé kaparingaken dhateng para angèstu; lah ing ngriki kadhawuhaken bilih anggènipun Kanjeng Nabi kawedalaken dhateng peperangan, punika badhé kagem nuhoni janji wau.

Kathah ingkang kalèntu panampi, kalebet ugi sawenèh tiyang Islam piyambak, dhateng kawontenanipun perang Badar. Pamanggihipun titiyang Nasrani ing bab punika kacetha kalayan cekak wonten ing katranganipun tuwan Palmer makaten: "Ingkang dipun kajengaken inggih punika wekdal nalika Muhammad sampun sudhiya-sudhiya badhé nempuh untan-untan ingkang boten asikep dadamel, nalika untan-untan wau lalampah saking Siriyah dhateng Makkah; nalika samanten Abu Sufyan, inggih punika ingkang tinanggenah rumeksa untan-untan wau, kèngkènan dhateng Makkah saha lajeng angsal babantu wadya pangiring watawis tiyang sèwu. Kathah pandhèrèkipun Muhammad ingkang kepéngin nempuh untan-untan wau kémawon, nanging Nabi Muhammad tuwin pandhèrèkipun ingkang kacelak kajengipun nempuh byat wadya pangiring wau."

Nadyan lalampahan warni-warni ingkang kasebutaken ing ngriki punika blejat-blejat inggih wonten leresipun, nanging sambetipun lalampahan-lalampahan wau satunggal kaliyan satunggalipun, klèntu anggènipun anggayutaken. Nyata pancèn inggih wonten untan-untan ingkang wangsul saking Syam (Siriyah), sarta wonten wadyabala ingkang bidhal saking Makkah; ugi nyata bilih sawenèh tiyang Islam kepéngin badhé nempuh untan-untan wau kémawon, boten methukaken wadyabala Makkah. Saupami Kanjeng Nabi kepéngin anjarah untan-untan wau, panjenenganipun tamtu sampun nindakaken karsanipun wau, ing sadèrèngipun Abu Sufyan saged angsal babantu saking Makkah. Nagari Madinah punika tebihipun saking Makkah lampahan tigawelas dinten, dados manawi Kanjeng Nabi saèstu kagungan karsa badhé anjarah untan-untan wau, manawi untan-untan wau sampun celak kaliyan Madinah, yakti boten saged Abu Sufyan angsal babantu ing salebetipun wekdal kirang saking sawulan: punika kémawon manawi piyambakipun (Abu Sufyan) mangertos dhateng karsanipun Kanjeng Nabi tuwin lajeng nedha tulung saèstu dhateng Makkah. Lah manawi kapara nyata Kanjeng Nabi kagungan karsa badhé anjarah rayah utawi ambégal untan-untan wau, punapa perlunipun Kanjeng Nabi ndadak mawi ngantu-antu, boten céket-cèket anjarah untan-untan wau sadèrèngipun Abu Sufyan angsal babantu wau?

Badar, panggènan tempuking perang, punika lampahan tigang dinten saking Madinah Inggih wonten ing ngriku tempukipun wadyabala kakalih. Punika nedahaken bilih wadyabala Makkah sampun dangu anggènipun bidhal dhateng Madinah, titiyang Muslimin nalika ing wekdal wau babar pisan dèrèng sedhiya-sedhiya. Nalika campuhipun wadyabala kakalih wau, fihak mengsah anggènipun bidhal sampun sadasa dinten, titiyang Muslimin saweg tigang dinten. Ingkang makaten punika nandakaken bilih perangipun titiyang Muslimin punika perang rumeksa diri lumawan wadyabala ingkang nyerang. Menggah ing sajatos-jatosipun Kanjeng Nabi boten naté kagungan sedya badhé anjarah rajah untan-untan, awit saupami panjenenganipun kagungan sedya makaten, saèstu sampun kala wingi-wingi anggènipun nindakaken karsanipun wau, inggih punika ing nalika sadèrèngipun wadyabala Makkah

6 Dhèwèké padha amadoni sira ing dalem prakara yakti, ing sawisé iki dadi terang, (sarta padha metu) kaya-kaya dhèwèké digiring marang pati, kang sarta dhèwèké padha andeleng.

يُجَادِلُونَكَ فِي الْحَقِّ بَعْدَ مَا تَبَيَّنَ كَأَنَّمَا
يُسَاقُونَ إِلَى الْمَوْتِ وَهُمْ يَنْظُرُونَ ۝٦

7 Lan nalikané Allah anyagahi sira salah sijiné golongan loro iku dadi bubuhanira, lan sira angajab bisaa kang ora asikep gagaman dadi bubuhanira;[981] lan Allah angarsakaké ambeneraké kang bener kalawan pangandika-Né[982] tuwin anatas oyodé para kafir.

وَإِذْ يَعِدُكُمُ اللَّهُ إِحْدَى الطَّائِفَتَيْنِ أَنَّهَا
لَكُمْ وَتَوَدُّونَ أَنَّ غَيْرَ ذَاتِ الشَّوْكَةِ
تَكُونُ لَكُمْ وَيُرِيدُ اللَّهُ أَنْ يُحِقَّ الْحَقَّ
بِكَلِمَاتِهِ وَيَقْطَعَ دَابِرَ الْكَافِرِينَ ۝٧

---

mèh dumugi ing Madinah, mangka manawi makaten saèstu saged mewahi kakiyatanipun Kanjeng Nabi ingkang badhé kanggé methukaken mengsah ingkang kiyat wau. Sampun terang sanget nalika Kanjeng Nabi Suci ambidhalaken wadyabala punika mengsah sampun bidhal dhateng Madinah angsal lampahan tigang prasakawaning tebihipun, sarta untan-untanipun sampun nglangkungi Madinah lan sampun tebih lampahipun. Ugi sampun terang bilih wonten sagolongan titiyang mukminin ingkang suthik perang. Para titiyang wau yekti boten badhé awrat manahipun, manawi lampahipun punika namung badhé nempuh untan-untan. Punapa ingkang kadhawuhaken wonten ing ayat candhakipun, saged damel saya terangipun bab punika; *padha anggendring kaya-kaya dhèwèké digiring marang pati*; mila makaten jalaran para titiyang wau sami sumerep bilih sami badhé ayun-ayunan kaliyan mengsah ingkang tikel tiga kathahing jiwanipun sarta langkung kiyat lan langkung wasis tandangipun.

981. Golongan kakalih ingkang kasebutaken punika untan-untanipun titiyang Quraisy ingkang boten sikep dadamel, ingkang lumampah dhateng Makkah, lan wadyabala Quraisy ingkang asikep dadamel, ingkang bidhal saking Makkah. Sampun samesthinipun, manawi sawenèhipun titiyang Muslimin wonten ingkang kepéngin, anggènipun ayun-ayunan punika angsala tandhing untan-untan Quraisy ingkang boten sikep dadamel, ingkang sapunikanipun sampun tebih saking Madinah. Sampun ngantos angsal tandhing wadyabala ingkang kiyat ingkang bidhal dhateng Madinah.

982. *Pangandika-Né* ing ngriki ateges *kanyataanipun saèstu dhawuh-Ipun*, awit sampun wiwit nalika Kanjeng Nabi taksih wonten ing Makkah, peperangan dèrèng paja-paja kalampahan saèstu. Kanjeng Nabi sampun ngundhangaken bilih ing antawisipun titiyang Muslimin lan titiyang Quraisy badhé kalampahan wonten peperangan, sarta ingkang menang titiyang Muslimin. Dumugi ing wekdal punika, piweca-piweca wau dipun gugujeng déning titiyang Makkah, jalaran para titiyang wau sami boten saged nganthak-anthakaken manawi panguwaosipun saged dipun remuk déning umat ingkang namung sajimpit punika. Saking èwonipun piweca-piweca ingkang kathah sanget, ingkang badhé katerangaken wonten ing panggènanipun piyambak-piyambak, wonten satunggal ingkang prayogi kula sebutaken wonten ing ngriki, inggih punika piweca ingkang kaundhangaken marambah-rambah déning Kanjeng Nabi Suci piyambak. I'AB ngandikakaken bilih nalika perang Badar, Kanjeng Nabi Suci nyunyuwun dhateng Pangéran makaten: "Dhuh Gusti Allah! Mugi Tuwan kapareng nuhoni janji Tuwan saha pangebang-ebang Tuwan! Dhuh Gusti Allah! Manawi Tuwan ngarsakaken (badhé nyirnakaken jasad punika) Tuwan boten badhé sinembah (wonten ing bumi punika)!" Bagéndha Abu Bakar lajeng ngasta astanipun Kanjeng Nabi, aturipun: "Sampun cekap." Kanjeng Nabi lajeng medal lan ngandika sora: "Sagung wadya bakal padha bubar sasaran lan bakal padha nginger geger-gegeré (kaplayu)" (Bkh). Lah pangandika ingkang wekasan punika kasebut wonten ing 54: 45, èwoning dhawuh ingkang katurunaken ing Makkah ingkang sepuh piyambak. Lalampahan punika nedahaken bilih wigatosipun perang Badar punika kawengku wonten ing piweca pinten-pinten, ingkang kanyataanipun saèstu ambuktèkaken ing kayektènipun Kanjeng Nabi Suci.

8 Amrih Panjenengané ambuktèkaké beneré kang bener sarta anedahaké luputé kang luput, sanajan para wong dosa padha ora sarju.

لِيُحِقَّ الْحَقَّ وَيُبْطِلَ الْبَاطِلَ وَلَوْ كَرِهَ الْمُجْرِمُونَ ﴿٨﴾

9 Nalikané sira nyuwun pitulung Pangéranira, tumuli Panjenengané anyembadani ing sira: Ingsun bakal anulungi sira kalawan sèwu malaikat, urut-urutan.

إِذْ تَسْتَغِيثُونَ رَبَّكُمْ فَاسْتَجَابَ لَكُمْ أَنِّي مُمِدُّكُمْ بِأَلْفٍ مِنَ الْمَلَائِكَةِ مُرْدِفِينَ ﴿٩﴾

10 Lan Allah andadèkaké iki, iku ora liya kajaba minangka pawarta becik sarta supaya, sarana iku, atinira dadi anteng; lan ora liya kamenangan iku kajaba saka ngarsaning Allah; sayekti Allah iku Mahamulya, Wicaksana.[983]

وَمَا جَعَلَهُ اللَّهُ إِلَّا بُشْرَىٰ وَلِتَطْمَئِنَّ بِهِ قُلُوبُكُمْ ۚ وَمَا النَّصْرُ إِلَّا مِنْ عِنْدِ اللَّهِ ۚ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿١٠﴾

RUKU' 2

Perang ing Badr

11-16. Para angèstu sami dipun kiyataken. 17, 18. Pakaryaning astanipun Allah wonten ing paprangan. 19. Panyuwunipun pancasan para kafir.

Piweca bab prakawis punika ugi kasebut wonten ing Pamedharipun wangsit Nabi Yesayah. Kasebut ing irah-irahan: Timbalan tumrap ing tanah Arab, ing Yesayah 21: 3 makaten: "É, wong isiné tanah Tema, para wong kasatan iku padha papagen kalawan banyu. Wong lumayu iku padha ladénana roti. Awit déné wong iku padha ngungsi anyingkiri pedhang, anyingkiri pedhang ligan, anyingkiri gandhéwa pinenthang tuwin babayaning perang. Amarga dhawuhé Pangéran marang aku mangkéné: Sadurungé pendhak taun iki, kaètung kaya taunaning buruh, nuli bakal sirna sakaluhurané tanah Kedar kabèh, sarta bakal mung sathithik kakaréné bala pamanah iku, mung kari satitik para prawira bangsa Kedar" (Yes 2l: 4-17). *Wong lumayu iku*, ingkang Hijrahipun (lumajengipun) dados lalampahan ingkang misuwur piyambak wonten ing babad, margi dados pathokan pangètangipun jaman, punika boten sanès kajawi Kanjeng Nabi Suci piyambak. Perang Badar, ingkang kalampahan nalika sasampunipun taun Hijrah ingkang sapisan, punika terang damel karisakan ageng dhateng panguwaos Quraisy tuwin nyuda kathahipun bala pamanah. Ing Quran Suci anggènipun nyebutaken punika, *natas oyodé para kafir*; amargi inggih ing ngriki punika para panuntunipun tiyang Quraisy ingkang ageng-ageng pipitu sami tiwas.

983. Kula aturi nocogaken kaliyan 3: 123, ingkang nerangaken tumurunipun para malaikat nalika ing perang Uhud. Ugi mirsanana 485, ingkang nerangaken maksudipun rawuhing malaikat. Ing panggènan pundi kémawon ing Quran Suci, boten wonten ingkang nyebutaken bilih para malaikat tumut perang saèstu, wangsul ing dhawuh ngriki, makaten ugi ing 3: 125, punika kadhawuhaken kanthi terang bilih para malaikat wau anggènipun katurunaken supados maringaken pawartos bibingah "menang" tuwin nentremaken manahipun para Muslimin. Malah ing ngriki punika (ayat 11) kadhawuhaken pisan bilih awit saking rawuhipun para malaikat wau, para Muslimin sami jenjem margi dipun kekahaken manahipun saha dipun tetepaken dalamakanipun, sarta (ing ayat 12) kadhawuhaken sasampunipun titiyang Muslimin kasantosakaken makaten wau, para kafir kadhawahan raos giris

Ar. *anutupi sira sarana ngantuk* Ut. *santosa* a. 33

11 Nalika Panjenengané wus *anurunaké anteng marang sira*, minangka (tumekaning) *aman* saka Panjenengané, sarta anurunaké banyu saka ing mendhung[a] marang sira, amrih Panjenengané anucèni sira,[984] asarana iku, sarta ambirat leletheking sétan saka ing sira, lan amrih Panjenengané angukuhaké marang atinira tuwin – asarana iku – anetepaké dalamakan(ira).[985]

إِذْ يُغَشِّيكُمُ النُّعَاسَ أَمَنَةً مِّنْهُ وَيُنَزِّلُ عَلَيْكُم مِّنَ السَّمَاءِ مَاءً لِّيُطَهِّرَكُم بِهِ وَيُذْهِبَ عَنكُمْ رِجْزَ الشَّيْطَانِ وَلِيَرْبِطَ عَلَىٰ قُلُوبِكُمْ وَيُثَبِّتَ بِهِ الْأَقْدَامَ ﴿١١﴾

Ut. *kukuhna*

Ut. *tigasen sirahé*

12 Nalika Pangéranira amedhar sabda marang para malaikat: Ingsun iki anyartani sira, mulané padha *tetepna* para kang padha angèstu; Ingsun bakal andèkèkaké miris ing dalem ati-atiné para kang padha kafir. Mulané padha *gepuken sadhuwuring tenggoké* sarta paruthulen kabèh pucuking darijiné.[986]

إِذْ يُوحِي رَبُّكَ إِلَى الْمَلَائِكَةِ أَنِّي مَعَكُمْ فَثَبِّتُوا الَّذِينَ آمَنُوا ۚ سَأُلْقِي فِي قُلُوبِ الَّذِينَ كَفَرُوا الرُّعْبَ فَاضْرِبُوا فَوْقَ الْأَعْنَاقِ وَاضْرِبُوا مِنْهُمْ كُلَّ بَنَانٍ ﴿١٢﴾

wonten ing dalem manahipun. Lah inggih awit saking punika déné cacahipun malaikat punika kadamel sami kaliyan cacah jiwaning wadyabala mengsah, inggih nalika perang Badar, inggih nalika perang Uhud, inggih punika malaikat cacah sèwu nalika perang Badar, déné cacah jiwanipun mengsah inggih samanten punika. Mirsanana 485.

984. Kula aturi nocogaken kaliyan 25: 25, inggih punika piweca ingkang mecakaken lalampahan-lalampahanipun peperangan punika: "Ing dina bakal pecahing langit kalawan mendhung sarta para malaikat bakal tumurun tinurunaké." Tumurunipun jawah punika suka paédah ageng dhateng para titiyang Muslimin; mirsanana katrangan candhakipun.

985. Sadèrèngipun jawah, gelaripun para Muslimin ringkih sanget. Mengsah nama menang papan, amargi angsal panggènan ingkang gampil angsalipun toya, déné para Muslimin angsal panggènan ing pawedhèn ledhok. Awit saking punika mila wonten tiyang Muslimin sawatawis ingkang lajeng katuwuhan raos semang-semang, ingkang ing ngriki kadhawuhaken manawi awit saking leletheking sétan. Rèhning mengsah nguwaosi toya ombèn, dadosipun para Muslimin lajeng ngandhut kuwatos bokbilih badhé nandhang rekaos déning *kasatan* ingkang sinebut *sétaning sagara wedhi* شيطان الفلا العطش. Milanipun wontenipun jawah wau saged ngekahaken pacak barisipun para Muslimin sarta dadosipun inggih saged nyakécakaken manahipun. Lah inggih punika "nucèkaké" punika, awit ing sasampunipun wonten jawah wau, para Muslimin sadaya kémawon sami yakin dhateng pitulungipun Pangéran, makaten ugi yakin bilih badhé saged menang kaliyan mengsahipun.

986. Ukara ingkang wekasan punika terang katujokaken dhateng para angèstu ingkang tumut perang. فَوْقَ الْأَعْنَاقِ punika ateges *sadhuwuré tenggok*, sarta *anggepuk sanginggiling tenggok* punika saged dipun suraos *nigas gulu* utawi *nigas sirah*, awit sanginggiling tenggok punika sirah. Wondéné maruthul pucuking dariji, punika ateges ngethok tangan ingkang kanggé nyepeng dadamel ingkang badhé kanggé mejahi para Muslimin (Rz). Dados ukara warni kalih wau, ingkang satunggal ateges mejahi mengsah, satunggalipun ateges adamel ringkihipun mengsah ngantos piyambakipun boten saged nglajengaken perang.

13 Mangkono iku amarga saka anggoné padha lumawan Allah lan utusan-É; lan sapa sing lumawan Allah lan utusan-É, lah sayekti Allah iku abanget walesé (marang ala).

ذٰلِكَ بِأَنَّهُمْ شَآقُّوا اللّٰهَ وَرَسُولَهُۥ ۚ وَمَن يُشَاقِقِ اللّٰهَ وَرَسُولَهُۥ فَإِنَّ اللّٰهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ ﴿١٣﴾

14 Mangkono iku – lah iku padha rasakna, lan (weruha) yèn bubuhané para kafir iku siksa geni.[987]

ذٰلِكُمْ فَذُوقُوهُ وَأَنَّ لِلْكٰفِرِينَ عَذَابَ النَّارِ ﴿١٤﴾

15 É, para kang padha angèstu! Manawa sira kepapag para kang padha kafir mangsah perang, lah aja sira padha amalik gegerira ing dhèwèké.[988]

يٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوٓا إِذَا لَقِيتُمُ الَّذِينَ كَفَرُوا زَحْفًا فَلَا تُوَلُّوهُمُ الْأَدْبَارَ ﴿١٥﴾

16 Lan sapa sing amalik gegeré ing dhèwèké ing dina iku, – kajaba manawa anggoné bali iku karana perluning perang utawa anggolong marang papanthan, lah sayekti wis mungguh olèh bebenduning Allah, sarta panggonané naraka; iku padunungan ala.

وَمَن يُوَلِّهِمْ يَوْمَئِذٍ دُبُرَهُۥٓ إِلَّا مُتَحَرِّفًا لِّقِتَالٍ أَوْ مُتَحَيِّزًا إِلَىٰ فِئَةٍ فَقَدْ بَآءَ بِغَضَبٍ مِّنَ اللّٰهِ وَمَأْوَىٰهُ جَهَنَّمُ ۖ وَبِئْسَ الْمَصِيرُ ﴿١٦﴾

17 Mulané, dudu sira kang matèni dhèwèké, ananging Allah kang matèni dhèwèké, lan dudu sira kang ambalang nalikané sira ambalang, ananging Allah kang ambalang[989] lan amrih Panjenengané amaringi paparing kang becik saka Panjenengané marang

فَلَمْ تَقْتُلُوهُمْ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ قَتَلَهُمْ ۚ وَمَا رَمَيْتَ إِذْ رَمَيْتَ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ رَمَىٰ ۚ وَلِيُبْلِيَ الْمُؤْمِنِينَ مِنْهُ بَلَآءً حَسَنًا ۚ

987. Terangipun, rasakna siksa donya iki, minangka pratandha bakal anané siksa geni ing akhirat.

988. *Zahafa* punika asalipun ateges *lumampah saking sakedhik* (*anggremet*), sarta dipun anggé nembungaken laré ambrangkang nalika dèrèng saged lumampah. Lajeng *zahf* wau mengku teges *wadyabala* utawi *prajurit ingkang lumampah baris kanthi alon-alonan ngener dhateng panggènanipun mengsah,* utawi *kanthi rengkeng-rengkeng sabab saking kathahing cacah jiwanipun tuwin dadamelipun* (TA-LL). Limrahipun tembung wau lajeng kanggé nembungaken perang, kados déné ingkang kasebut dalem hadits ingkang kapethik déning TA, فرمن الزحف tegesipun: *ngucira ing prang* (LL).

989. *Ramy* mengku teges *warni-warni*, kadosta: *ambalang, nyawat, nguncalaken, nempuh, namakaken, manah, nglepas* tuwin sasaminipun (LL). Tembung punika kanggènipun tumrap peperangan, awit saking punika kula tegesi *ambalang*, perlunipun supados cetha tegesipun, boten

para angèstu; sayekti Allah iku Amiyarsa, Angudanéni.[990]

إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿١٧﴾

18 Iki,[991] sarta Allah iku kang angapesaké jurité para kafir.

ذَٰلِكُمْ وَأَنَّ ٱللَّهَ مُوهِنُ كَيْدِ ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿١٨﴾

19 Manawa sira padha nyuwun putusan, lah temen putusan iku wus tumeka marang sira;[992] lan manawa sira padha anguwisi, lah iku luwih becik tumrapé sira; lan manawa sira padha angambali (perang) manèh, Ingsun (iya) bakal

إِن تَسْتَفْتِحُوا۟ فَقَدْ جَآءَكُمُ ٱلْفَتْحُ ۖ وَإِن تَنتَهُوا۟ فَهُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۖ وَإِن تَعُودُوا۟ نَعُدْ

prabéda lan aslinipun, boten sisah ndadak mawi dipun upadosi lésanipun punapa. Péranganipun ayat ingkang wiwitan punika tumuju dhateng para Muslimin saumurnipun, *dudu sira kang matèni dhèwèké, nanging Allah kang matèni dhèwèké*, tembungipun *jama'*: déné péranganipun ingkang angka kalih, rèhning tembungipun *mufrad*, mengku suraos tumuju dhateng Kanjeng Nabi. Saupami botena béda tembungipun, yakti dhawuh kakalih wau boten wonten bédanipun. Titiyang Muslimin sami mejahi mengsah, suprandéné kadhawuhaken bilih sajatosipun sanès piyambakipun ingkang mejahi, wangsul Gusti Allah ingkang mejahi mengsah wau: punika terang manawi mengku teges bilih astaning Allah makardi wonten ing peperangan, sarta ingkang makaten punika kanyataan déning wutah gumelaring kawontenan, tiyang tigang atus, mangka ingkang kathah para taruna ingkang "taksih ijem," boten gadhah tumpakan kapal lan boten gadhah dadamel, menang kaliyan prajurit pipilihan cacah sèwu jiwa tur ingkang sampun kasusra ing kawanteranipun. Makaten ugi dhawuh ingkang nerangaken anggènipun Kanjeng Nabi namakaken (dadamel) dhateng mengsah, punika inggih mengku teges makaten wau. Saèstu punapa boten Kanjeng Nabi nyawuraken krikil sagegem dhateng mengsah ingkang lajeng mahanani mengsah asor yudanipun, punika prakawis sanès. Cekap katerangaken kémawon, bilih mengsah ingkang sakalangkung kiyat wau kalampahan dipun kawonaken déning wadyabala ingkang cacah jiwanipun namung sapratiganipun. Malah manawi dipun sawang saking kakiyatanipun, lan kasamektanipun saya èlok malih, jalaran sampun malih tandhing sami satunggal, ambok inggih sadasa tiyang Muslim, boten saged nyamèni tiyang satunggal kémawon saking fihakipun mengsah. Pranyata manawi astanipun Allah ingkang mejahi mengsah, sarta inggih astanipun Allah wau ingkang tumama dhateng mengsah saha ingkang wasananipun mahanani bibaring pabarisanipun mengsah wau. Déné Kanjeng Nabi nyawuraken saèstu lebu sagegem dhateng arahing mengsah, punika inggih boten kok sulaya kaliyan katrangan punika.

990. Tembung *iblâ'*, punika nadyan limrahipun ateges: *nyobi* tuwin *nglèlèr*, sami kaliyan tembung *balâ* tuwin *ibtalâ* (tembung kriya kalih sanès malih ingkang nunggil asli kaliyan tembung wau), nanging tumrapipun ing ngriki sadaya para mufassirin sami sarujuk anegesi *maringi nugraha* (Rz). Kitab-kitab bausastra ugi kados makaten wau anggènipun negesi. LL nyebutaken أبلاه ابلاء حسنا (TA), utawi بلاء حسنا (S), ateges *Allah tumindak becik marang dhèwèké* (TA). Mila kadhawuhaken wonten ing Quran (8: 17) وليبلى المؤمنون منه بلا حسنا (TA) tegesipun: *amurih Panjenengané maringi marang para angèstu lubèring paparing, utawi nugraha utawi barkah* (Bd) utawi paparing kang becik saka Panjenengané. Paparing ingkang saé utawi lubering paparing ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika kamenangan ingkang ngekahaken dhadhasar adegipun agami Islam, tuwin adamel cabaring pangrancananipun awon para ingkang sumedya badhé nyirnakaken agami Islam kados déné ingkang kadhawuhaken kanthi terang wonten ing ayat candhakipun.

991. Iki ing ngriki mengku ukara makaten: *Iki karsaning Pangéran nganakaké peperangan iki*.

992. Kacariyos bilih nalika titiyang Quraisy bidhal saking Makkah badhe nempuh titiyang Muslimin, sami gondhèlan klambuning Ka'bah saha nyunyuwun makaten: "Dhuh Gusti Allah! mugi

Ar. *papanthan*

وَلَنْ تُغْنِيَ عَنْكُمْ فِئَتُكُمْ شَيْئًا وَلَوْ كَثُرَتْ وَأَنَّ اللَّهَ مَعَ الْمُؤْمِنِينَ ١٩

angambali, sarta *wadyabala*-nira ora bakal makolèhi marang sira babar pisan, sanajan akèha, lan (weruha) yèn Allah iku anyartani para angèstu.

RUKU' 3

Margining kabegjan

20-26. Pambangun-turut kadhawuhaken. 27, 28. Kasetyan dhateng Allah lan Utusan-Ipun.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا أَطِيعُوا اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَلَا تَوَلَّوْا عَنْهُ وَأَنْتُمْ تَسْمَعُونَ ٢٠

20 É, sira kang padha angèstu! Padha ambangun-turuta ing Allah lan Utusan-É, sarta aja sira padha ambalik saka Panjenengané, kang mangka sira padha ngrungu.

وَلَا تَكُونُوا كَالَّذِينَ قَالُوا سَمِعْنَا وَهُمْ لَا يَسْمَعُونَ ٢١

21 Sarta aja dadi kaya kang padha calathu: Kula sami mireng, lan dhèwèké padha ora ambangun-turut.[a]

a. 135

Ut. *gegremet*

إِنَّ شَرَّ الدَّوَابِّ عِنْدَ اللَّهِ الصُّمُّ الْبُكْمُ الَّذِينَ لَا يَعْقِلُونَ ٢٢

22 Sayekti ala-alané *sato*[993] tumraping Allah iku para budheg, para bisu kang padha ora ngerti.

وَلَوْ عَلِمَ اللَّهُ فِيهِمْ خَيْرًا لَأَسْمَعَهُمْ

23 Lan saupama Allah uninga kabecikan ana ing dhèwèké, yekti aparing krungu dhèwèké, lan

---

Paduka paring pitulung dhateng wadya kakalih punika pundi ingkang saé piyambak tuwin saking antawisipun golongan kakalih punika pundi ingkang langkung sanget anggènipun anut ing pitedah ingkang leres, saha saking antawisipun golongan kakalih punika pundi ingkang minulya piyambak punapa déné salah satunggal saking agami kakalih punika pundi ingkang linuhung piyambak." Cariyos sanès nerangaken bilih nalika wonten ing papan paprangan Abu Jahal nyunyuwun makaten: 'Dhuh Gusti Allah! sinten kémawon saking antawisipun kula sami ingkang sakalangkung sanget anggènipun medhot tatangsuling gotrah saha ingkang sakalangkung duraka, mugi paduka sirnakaken ing dinten bénjing énjing punika" (Rz). Tuwan Palmer nerangaken bilih anggènipun titiyang Quraisy nyunyuwun kados ing nginggil wau, "nalika para titiyang wau kaancam badhé dipun tempuh déning Muhammad." Katrangan ingkang makaten punika cetha manawi cecengkahan kaliyan gelar yektinipun ing babad. Saèstu ngayawara sanget manawi mastani bilih Kanjeng Nabi Muhammad *ngancam* titiyang Quraisy, jalaran *cacah* jiwanipun kémawon titiyang Muslimin punika boten wonten sapraatusipun cacah jiwanipun titiyang Arab ing satanah Arab, ing mangka nalika ing wekdal wau titiyang ing satanah Arab sami mengsahi para Muslimin, titiyang Quraisy piyambak kémawon sampun nelasaken sawarnining sarana kanggé anyirnakaken pakaryan Islam.

993. *Dâbbah* punika wantahipun ateges *samukawis ingkang saged lumampah* (utawi *ambrangkang* utawi *nalosor*) wonten ing *bumi* (S-LL), dados ateges sadhéngah kéwan utawi sadhéngah barang ingkang gesang. Kapèngetana, para budheg tuwin para bisu, punika ateges para ingkang budheg lan bisu ruhaninipun – *kang padha ora ngerti.*

saupama Panjenenganè aparing krungu dhèwèké, yekti dhèwèké padha maléngos kang sarta padha sumingkir.

وَلَوْ اَسْمَعَهُمْ لَتَوَلَّوْا وَّهُمْ مُّعْرِضُوْنَ ٢٣

24 É, sira kang padha angèstu! Padha anyembadanana marang (panguwuhé) Allah lan Utusan-É, nalikané Panjenenganè anguwuh sira marang barang kang angurip sira;[994] lan padha weruha, yèn Allah iku angelet-eleti antaraning wong karo atiné[995] sarta yèn sira iku bakal padha diimpun marang Panjenenganè.

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اسْتَجِيْبُوْا لِلّٰهِ وَلِلرَّسُوْلِ
اِذَا دَعَاكُمْ لِمَا يُحْيِيْكُمْ ۚ وَاعْلَمُوْۤا اَنَّ اللّٰهَ
يَحُوْلُ بَيْنَ الْمَرْءِ وَقَلْبِهٖ وَاَنَّهٗۤ
اِلَيْهِ تُحْشَرُوْنَ ٢٤

25 Lan padha di prayitna marang coba, kang ora mung mligi angenani panunggalanira kang padha atindak dudu baé;[996] sarta padha weruha, yèn Allah iku abanget ing walesé (marang ala).

وَاتَّقُوْا فِتْنَةً لَّا تُصِيْبَنَّ الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا
مِنْكُمْ خَاۤصَّةً ۚ وَاعْلَمُوْۤا اَنَّ اللّٰهَ
شَدِيْدُ الْعِقَابِ ٢٥

26 Lan padha ngélingana nalikané sira lagi sathithik, dianggep apes ana ing nagara, kuwatir manawa wong-wong padha ambandhang sira,[997] nanging Panjenenganè angayomi sira sarta angukuhaké sira kalawan pitulung-É

وَاذْكُرُوْۤا اِذْ اَنْتُمْ قَلِيْلٌ مُّسْتَضْعَفُوْنَ
فِى الْاَرْضِ تَخَافُوْنَ اَنْ يَّتَخَطَّفَكُمُ
النَّاسُ فَاٰوٰىكُمْ وَاَيَّدَكُمْ بِنَصْرِهٖ وَرَزَقَكُمْ

994. *Imân* utawi sumarah dhateng Allah punika gesang, déné *kafîr* punika pejah (Sudi-Rz). *Barang kang anguripi sira*, punika déning sawenèh ngulami dipun suraos *Quran*, déning ngulami sanès malih dipun suraos ateges: *jihad* utawi panyarempeng ing margining jekti (Rz). Katerangan punika sadaya sajatosipun mengku teges satunggal lan sami kémawon.

995. *Ati* ingkang dipun karsakaken: *pépénginaning ati*. Pangéran angelet-eleti, punika natas pépénginan-pépénginan wau (Rz). Para mukminin dipun dhawuhi supados énggal-énggal minangkani panguwuhipun Kanjeng Nabi, sampun ketungkul andurusi pépénginan donya, jalaran saged ugi punika tumunten badhé dipun tatas. Utawi tegesipun punika: para titiyang wau ingandikakaken kedah sami minangkani panguwuhipun Kanjeng Nabi, jalaran manawi ngantos ketrucut boten migunakaken wanci ingkang saé kanggé nindakaken kasaénan, manah tamtu badhé wangkot; sarta minangka pidana anggènipun ing sakawit angemohi, saged ugi Allah inggih lajeng ngingeraken manahipun, ngantos manahipun wau babar pisan boten saged wangsul dhateng kasaénan, nanging malah karem atindak duraka.

996. Ingkang kakarsakaken ing dhawuh punika sanès satunggaling lalampahan ingkang tartamtu, nanging umum, inggih punika sawarnining kasusahan ingkang sumiyaripun anyrambahi, boten namung ngéngingi para titiyang ingkang katuju ing sakawit kémawon, nanging inggih saged namani dhateng ngasanès.

997. Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih ayat punika kagolong wahyu ingkang tumurunipun nalika jaman akhir, inggih punika nalika para Muslimin sampun sami aman katimbang lan

tuwin apaparing sira arupa barang-barang becik, supaya sira padha atur panuwun.

مِّنَ الطَّيِّبٰتِ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ﴿٢٦﴾

27 É, sira kang padha angèstu! Aja padha cidra ing Allah lan Utusan, *sarta aja* padha cidra ing barang kang dipracayakaké sira, kang mangka sira padha weruh.

Ar. *sarta*

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَخُوْنُوا اللّٰهَ وَ
الرَّسُوْلَ وَتَخُوْنُوْٓا اَمٰنٰتِكُمْ وَاَنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ﴿٢٧﴾

28 Lan padha weruha, manawa bandhanira lan anak-anakira iku coba, sarta manawa Allah iku ing ngarsa-Né ana ganjaran kang agung.

وَاعْلَمُوْٓا اَنَّمَآ اَمْوَالُكُمْ وَاَوْلَادُكُمْ فِتْنَةٌ ۙ
وَّاَنَّ اللّٰهَ عِنْدَهٗٓ اَجْرٌ عَظِيْمٌ ﴿٢٨﴾

RUKU' 4

Para Muslimin badhé dipun dadosaken juru-rumeksa Masjid Suci

29. "Panyilah" dipun sagahaken. 30, 31. Rancangan, kadhawahaken dhateng Kanjeng Nabi. 32-35. Para kafir nyuwun siksa, sarta weca anggènipun badhé dipun kèndeli pakaryanipun rumeksa Ka'bah, dipun pasrahaken Muslimin. 36, 37. Kados pundi anggènipun badhé kalampahan.

29 É, sira kang padha angèstu! Manawa sira prayitna ing (wajibira marang) Allah, Panjenengané bakal amaringi panyilah marang sira, sarta bakal ambirat alanira saka ing sira tuwin angapura marang sira; lan Allah iku Ingkang kagungan kanugrahan agung.

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنْ تَتَّقُوا اللّٰهَ يَجْعَلْ
لَّكُمْ فُرْقَانًا وَّيُكَفِّرْ عَنْكُمْ سَيِّاٰتِكُمْ
وَيَغْفِرْ لَكُمْ ۗ وَاللّٰهُ ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيْمِ ﴿٢٩﴾

30 Lan nalikané para kang padha kafir angrancang upaya tumanduk ing sira arep angunjara sira utawa arep amatèni sira, utawa arep anundhung sira; lan dhèwèké padha agawé rancangan, sarta Allah iya adamel rancangan; lan Allah iku Becik-beciké para juru-rancang.[998]

وَاِذْ يَمْكُرُ بِكَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لِيُثْبِتُوْكَ
اَوْ يَقْتُلُوْكَ اَوْ يُخْرِجُوْكَ ۗ وَيَمْكُرُوْنَ
وَيَمْكُرُ اللّٰهُ ۗ وَاللّٰهُ خَيْرُ الْمٰكِرِيْنَ ﴿٣٠﴾

wekdal ingkang sampun-sampun, tandhanipun ayat punika ngèngetaken para Muslimin kawontenan ingkang dipun alami ing wekdal ingkang sampun-sampun, inggih punika nalika taksih dèrèng aman. Kawontenan punika kasebutaken langkung terang malih wonten ing ayat 30.

998. Ingkang dipun karsakaken punika upayanipun titiyang Quraisy ingkang mangka pamungkas,

31 Lan kalané timbalan-timbalan-Ingsun diwacakaké marang dhèwèké, padha acalathu: Temen aku wis padha ngrungu; upama aku karepa, sayekti aku padha bisa angucapaké papadhané iki;[999] iki ora liya kajaba caritané para kuna.

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا قَالُوا قَدْ سَمِعْنَا
لَوْ نَشَاءُ لَقُلْنَا مِثْلَ هَٰذَا ۙ إِنْ هَٰذَا إِلَّا
أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ﴿٣١﴾

32 Lan kalané dhèwèké padha ngucap: Dhuh Allah! manawi punika barang yakti saking ngarsa Tuwan, lah mugi Tuwan anjawahaken séla saking langit dhateng kawula, utawi andhatengaken siksa ingkang nyakiti dhateng kawula.

وَإِذْ قَالُوا اللَّهُمَّ إِنْ كَانَ هَٰذَا هُوَ الْحَقَّ
مِنْ عِنْدِكَ فَأَمْطِرْ عَلَيْنَا حِجَارَةً مِنَ
السَّمَاءِ أَوِ ائْتِنَا بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ﴿٣٢﴾

33 Ananging ora bakal Allah aniksa dhèwèké ing sasuwéné sira ana ing antarané, lan ora bakal Allah aniksa dhèwèké, manawa dhèwèké padha nyuwun pangapura.[1000]

وَمَا كَانَ اللَّهُ لِيُعَذِّبَهُمْ وَأَنْتَ فِيهِمْ ۚ
وَمَا كَانَ اللَّهُ مُعَذِّبَهُمْ وَهُمْ يَسْتَغْفِرُونَ ﴿٣٣﴾

34 Lan apa ta (mawané) tumrap dhèwèké, déné Allah ora aniksa dhèwèké, kang mangka dhèwèké padha anyegah (manusa) saka Masjid Suci, sarta padha ora (cakep dadi) juru-rumeksané; ora liya

وَمَا لَهُمْ أَلَّا يُعَذِّبَهُمُ اللَّهُ وَهُمْ يَصُدُّونَ
عَنِ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ وَمَا كَانُوا أَوْلِيَاءَهُ ۚ

inggih punika nalika para sahabat sampun sami lumajeng ngungsi dhateng Madinah, Kanjeng Nabi kantun piyambakan wonten ing Makkah. Wonten ing parepatanipun para pinisepuh Quraisy wonten ing balé-kithanipun, upaya mawarni-warni sampun kausulaken lan karembag ramé; wasananipun upaya ingkang badhé dipun ecakaken, nyédani Kanjeng Nabi. Déné lampahipun, para mudha saking antawisipun pancer warni-warni tinanggenah kapurih namakaken pedhangipun dhateng Kanjeng Nabi, sareng breng nunggil sawanci, pamrihipun supados ingkang kénging dakwa mejahi punika boten tiyang satunggal utawi pancer satunggal. Inggih karana maksud punika, déné dalemipun Kanjeng Nabi kinepang wakul, nanging Kanjeng Nabi saged oncat kanthi boten kasumerepan (Ib-Hsh). Déné rancanganipun Pangéran punika: sageda para kafir sami nyumerepi ambruking panguwaosipun déning astanipun Kanjeng Nabi.

999. Punika namung sumbaripun kémawon ingkang boten wonten kanyataanipun babar pisan. Bab punika kaseksèn déning wutah gumelaring kawontenan, bilih nadyan marambah-rambah Quran Suci nantang dhateng para titiyang wau, ingandikakaken damel punapa-punapa saminipun punika, saminipun sasurat ingkang celak piyambak kémawon para titiyang wau boten saged damel.

1000. Siksa mesthi badhé andhawahi piyambakipun samangsa Kanjeng Nabi sampun boten wonten ing antawisipun para titiyang wau, inggih punika sasampunipun Kanjeng Nabi linggar saking Makkah. Malah dalasan dumugining wekdal wau pisan, siksa wau taksih saged kasingkiraken, manawi para titiyang wau purun sami nyuwun pangapunten.

juru-rumeksané iku kajaba wong kang padha prayitna (saka ing ala), ananging dhèwèké iku sing akèh padha ora weruh.[1001]

إِنْ أَوْلِيَاؤُهُ إِلَّا الْمُتَّقُونَ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٤﴾

35 Lan ora liya sembahyangé ana sangareping Padaleman iku kajaba mung singsot lan keplok; mulané padha angrasakna siksané, amarga saka anggonira padha kafir.

وَمَا كَانَ صَلَاتُهُمْ عِندَ الْبَيْتِ إِلَّا مُكَاءً وَتَصْدِيَةً ۚ فَذُوقُوا الْعَذَابَ بِمَا كُنتُمْ تَكْفُرُونَ ﴿٣٥﴾

36 Sayekti, para kang padha kafir iku padha angetokaké bandhané kanggo anyegah (manusa) saka dadalaning Allah; mulané dhèwèké bakal padha angetokaké iku, tumuli iku ingatasé dhèwèké bakal dadi piduwung kang abanget, tumuli dhèwèké padha kasoran; lan para kang padha kafir bakal padha digiring marang naraka.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا يُنفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ لِيَصُدُّوا عَن سَبِيلِ اللَّهِ ۚ فَسَيُنفِقُونَهَا ثُمَّ تَكُونُ عَلَيْهِمْ حَسْرَةً ثُمَّ يُغْلَبُونَ ۗ وَالَّذِينَ كَفَرُوا إِلَىٰ جَهَنَّمَ يُحْشَرُونَ ﴿٣٦﴾

37 Supaya Allah amisahaké kang jember saka kang becik, sarta andadèkaké kang jember iku atumpang tindih; banjur Panjenengané angumpuk-undhung kabèh iku, tumuli anglebokaké ing naraka; iki para kang padha kapitunan.[1002]

لِيَمِيزَ اللَّهُ الْخَبِيثَ مِنَ الطَّيِّبِ وَيَجْعَلَ الْخَبِيثَ بَعْضَهُ عَلَىٰ بَعْضٍ فَيَرْكُمَهُ جَمِيعًا فَيَجْعَلَهُ فِي جَهَنَّمَ ۚ أُولَٰئِكَ هُمُ الْخَاسِرُونَ ﴿٣٧﴾

RUKU' 5

Perang ing Badr minangka tandha kayektènipun Kanjeng Nabi Suci

38-40. Perang punika perlu, kanggé netepaken kamardikaning agami. 41. Punapa angsalipun, ingkang sapragangsal dipun tanjakaken dhateng tindak kautamèn. 42-44. Kados pundi tempukipun perang dadosipun tandha.

1001. Ing ngriki kaundhangaken bilih para kafir punika sanès jurunipun-kunci Masjid Suci ingkang sajatos. Mila makaten jalaran Masjid Suci makaten pratandhaning kasawijènipun Pangéran ingkang murni, tur sampun wiwit jamanipun Kanjeng Nabi Ibrahim namanipun Masjid wau tansah gagandhéngan kaliyan tauhid, mangka para kafir ingkang sapunikanipun sami ngaken dados jurunipun-kunci, sami manembah brahala. Milanipun para titiyang wau sami kadhawuhan bilih boten pantes lastantun nyangkul pakaryan rumeksa Masjid Suci, sarta ing salajengipun wiwit wekdal punika badhé dipun pasrahaken dhateng umat ingkang rumeksa awakipun saking awon, inggih punika para Muslimin. Dhawuh punika mengku weca bilih kafir Quraisy badhé kapocot saking pakaryanipun rumeksa Ka'bah, saha pakaryan punika badhé pindhah dhateng tanganipun titiyang Muslimin.

1002. Tegesipun para titiyang utami punika sageda kapisah saking titiyang duraka, titiyang duraka wau lajeng kacemplungaken dhateng naraka sadaya; utawi ateges bilih bandha ingkang saé punika

38 Calathua marang para kang padha kafir, yèn padha marèni, dhèwèké bakal ingapura apa kang wus kapungkur; lan manawa padha angambali;[1003] lah temen wus kalakon lalakoné para kuna.[1004]

قُلْ لِّلَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اِنْ يَّنْتَهُوْا يُغْفَرْ لَهُمْ مَّا قَدْ سَلَفَ ۚ وَاِنْ يَّعُوْدُوْا فَقَدْ مَضَتْ سُنَّتُ الْاَوَّلِيْنَ ﴿٣٨﴾

39 Lan padha peranga mungsuh dhèwèké nganti panindhesan ora ana, lan agama iku sakabèhé kagungané Allah; nanging, manawa dhèwèké padha marèni, sayekti Allah iku marang apa kang padha dilakoni angudanèni.[1005]

وَقَاتِلُوْهُمْ حَتّٰى لَا تَكُوْنَ فِتْنَةٌ وَّيَكُوْنَ الدِّيْنُ كُلُّهٗ لِلّٰهِ ۚ فَاِنِ انْتَهَوْا فَاِنَّ اللّٰهَ بِمَا يَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ﴿٣٩﴾

40 Lan manawa dhèwèké padha ambalik, lah padha weruha, yèn Allah iku Pangayomanira; becik-beciking Pangayoman lan becik-beciking Juru-tutulung![1006]

وَاِنْ تَوَلَّوْا فَاعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ مَوْلٰىكُمْ ۗ نِعْمَ الْمَوْلٰى وَنِعْمَ النَّصِيْرُ ﴿٤٠﴾

JUZ X

41 Lan padha weruha, yèn kukupanira ana ing paprangan, arupa apa baé, lah iku kang sapralimané bagéané Allah lan bagéané Utusan

وَاعْلَمُوْٓا اَنَّمَا غَنِمْتُمْ مِّنْ شَيْءٍ فَاَنَّ لِلّٰهِ خُمُسَهٗ وَلِلرَّسُوْلِ وَلِذِى الْقُرْبٰى وَالْيَتٰمٰى

sageda kapisah saking bandhanipun para kafir ingkang atanpa aji, sarta bandhanipun para kafir wau badhé ludhes kanggé milawani para Muslimin kalayan tanpa wonten pikantukipun tumrap ingkang gadhah (Rz, AH).

1003. *Mantuni* lan *ngambali* ing ngriki punika tumrap anggènipun *merangi titiyang Muslimin*, boten anggènipun kafir, amargi titiyang kafir tamtu boten saged katembungaken *wangsul* dhateng kafir. Para kafir punika késahipun saking Badar kalayan nandhang karisakan ingkang sanget, lah para titiyang wau sami kadhawuhan, manawi sami purun mantuni anggènipun merangi, tamtu badhé dipun apunten, nanging manawi ngambali perang malih, tamtu badhé nandhang nasib kados ingkang kasandhang déning umat ingkang sampun-sampun. Nadyan kados punapa kémawon rekaos ingkang sampun kasandhang déning titiyang Muslimin, Kanjeng Nabi tetep ngandika badhé maringi pangapunten dhateng mengsah-mengsahipun manawi sami purun mantuni, anggènipun merangi pandhèrèkipun. Namung satunggal punika thok, janji ingkang mangka janggelanipun maringi pangapunten.

1004. Tegesipun para titiyang wau sampun saged mangertos piyambak badhé leburipun, mirid leburipun para titiyang ing sadèrèngipun, ingkang sampun kapatrapan, déning Allah tumrap ing kawontenan saminipun. Bd nerangaken سنة الاولين punika sami kaliyan سنتا في الاولين Kula aturi nyundhukaken kaliyan dhawuh ing 18: 55, ingkang nerangaken bilih para kafir punika boten sanès kajawi namung angentosi "dhumawahipun lalampahan kados ingkang kasandhang déning para titiyang ingkang sampun-sampun."

1005. Terangipun, manawi sami purun ngèndeli anggènipun merangi, titiyang Muslimin inggih kedah kados makaten ugi; makaten punika tegesipun dhawuh: *Allah iku marang apa kang padha dilakoni angudanéni*, amargi Allah punika angganjar ing manusa miturut pandamelipun.

1006. Manawi sami ngambali perang malih, Allah badhé angreksa umat Islam. mitulungi umat

وَالْمَسٰكِيْنِ وَابْنِ السَّبِيْلِ اِنْ كُنْتُمْ اٰمَنْتُمْ بِاللّٰهِ وَمَآ اَنْزَلْنَا عَلٰى عَبْدِنَا يَوْمَ الْفُرْقَانِ يَوْمَ الْتَقَى الْجَمْعٰنِ ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٤١﴾

sarta bagéané santana tuwin para bocah yatim lan para wong miskin apa déné wong lalaku, manawa sira iku padha angèstu ing Allah sarta apa kang Ingsun dhawuhaké marang kawula-Ningsun, ing dinaning panyilah, ing dina tempuké golongan loro; lan Allah iku marang samubarang kawasa;[1007]

Islam lumawan mengsahipun, jalaran Panjenenganipun punika Pangayomanipun tuwin Jurupitulungipun. Ayat 39 tuwin ayat 40 nerangaken punapa ingkang kadhawuhaken ing ayat 38.

1007. الغنم الفوز بالشئ *gunm* tegesipun *angsal satunggaling barang* (Rz, AH). Kanggé ngiyataken punika AH nyebutaken kidung kalih pada, makaten:

وقد طوفت فى الآفاق حتى رضيت من الغنيمة بالاياب

tuwin

ومطعم الغنم يوم الغنم مطعمه الى توجه والمحروم محروم

kalih-kalihipun punika tembung *ganîmah* lan *gunm* punika ateges *kukupan*. Déné kidung ingkang sapisan, punika tegesipun: “Lan aku mubeng-mubeng ing ngendi-endi arah, nganti yèn kukupan kang dakrenani iku bali;” tegesipun kidung ingkang angka kalih: “Lan mangan barang kukupan, iku ana ing dinaning kukupan dadi pangané, marang ngendi baé parané, déné kang ora kumanan iku iya ora olèh apa-apa.” LL nerangaken ganama punika ateges angsal satunggaling barang kanthi tanpa rekaos, sarta LL nerangaken kidung اذا هبت رياحك فاغتنمها punika makaten: *manawa kowé olèh giliran tampa kabegjan*, *lah iku pigunakna* (kasebutaken nalika nerangaken tembung *ruh*). Dados tegesipun ingkang asli tembung *ganimah* punika lugu *angsal-angsalan* utawi *kukupan*, lajeng dipun anggé nembungaken samukawis ingkang angsalipun wonten ing peperangan sasampunipun bandhayuda kaliyan mengsah lan ngawonaken mengsah, sarta ing sapunikanipun tembung *ganimah* punika dados tembung istilah (Ar. *ishtilah*) kanggé mastani bandha ingkang kados makaten punika.

Bab pambagénipun kukupan perang makaten wau, sampun katerangaken kanthi cetha wonten ing ayat punika, nanging kados pundi tegesipun *bagéané Allah*, punika wonten rembagipun. Pamanggih ingkang umum dipun ajengi, mastani bilih sapragangsalipun bandha kukupan sadaya, dipun bagé malih dados gangsal panduman, Kanjeng Nabi, santana ingkang celak, laré-laré yatim, titiyang miskin tuwin tiyang ingkang lalampah sami angsal sapanduman-sapanduman. Dados saprasalangkungipun dados bagéanipun Kanjeng Nabi, makaten ugi panduman saminipun punika dados bagéanipun para santananipun Kanjeng Nabi ingkang celak, sarupining tiyang ingkang kagolong pancer Bani Hasyim tuwin Bani Muththalib tumut mriku, ingkang tigang prasalangkung dados pandumanipun laré yatim, tiyang pekir, tiyang miskin, tuwin tiyang lalampah, déné ingkang sakawan pragangsal kabagé ing antawisipun para titiyang ingkang kaanggep tumut perang. Déné pandumanipun Kanjeng Nabi saprasalangkung wau, miturut sawenèh cacriyosan ugi dipun pigunakaken kanggé kaperluanipun para Muslimin. Rz nalika ngrembag masalah pangedumipun panduman sapragangsal sasampunipun séda Kanjeng Nabi, suka jawaban miturut pamanggihipun Imam Syafi'i makaten: “Punika kedah dipun bagé dados gangsal panduman, sapanduman (saprasalangkung saminipun nalika jaman sugengipun) ingkang dados pandumanipun Kanjeng Rasul, kedah katanjakaken *kados sabenipun panjenenganipun nanjakaken punika*, inggih punika kanggé kaperluanipun titiyang Muslimin, kadosta kanggé nyudhiyani kapal tuwin dadamel para ingkang sami perang.” Rz ugi ngriwayataken hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi nalika ngedum barang kukupan ing Khaibar makaten: مالى الا الخمس والخمس مردود فيكم jawinipun: *Pandumanku iku ora liya kajaba mung sapraliman*, *sarta sapraliman iku mau bali marang kowé kabèh*. Gelar yakti kakalih punika, kasembuh wutah gumelaring kawontenan sugeng baléwismanipun Kanjeng Nabi ingkang sakalangkung déning pasaja, ingkang bab punika sampun dipun akeni ing sadaya kalangan, punika nedahaken kanthi terang bilih panduman ingkang kagem sariranipum punika déning Kanjeng Nabi ugi dipun pigunakaken kanggé kaperluanipun umat.

42 Nalikané sira padha ana ing sacedhaké pèpèrèng(-ing jurang) sarta dhèwèké ana ing pèpèrèng adoh, sarta untan-untan ana ing panggonan kang luwih endhèk tinimbang sira;[1008] lan saupama sira padha semayanana, masthi sira bakal padha nyulayani ing semayan,[1009] ananging[1010] – supayané Allah anyidakna prakara kang wus masthi kudu kalakon,[1011] supaya sapa kang kuduné lebur lebura kalawan bukti cetha sarta sapa kang kuduné urip uripa kalawan bukti cetha;[1012] lan sayekti Allah iku temen Amiyarsa, Angudanèni:

إِذْ أَنْتُمْ بِالْعُدْوَةِ الدُّنْيَا وَهُمْ بِالْعُدْوَةِ
الْقُصْوٰى وَالرَّكْبُ أَسْفَلَ مِنْكُمْ ۚ وَلَوْ
تَوَاعَدْتُّمْ لَاخْتَلَفْتُمْ فِي الْمِيعٰدِ ۙ وَلٰكِنْ
لِّيَقْضِيَ اللّٰهُ أَمْرًا كَانَ مَفْعُولًا ۙ لِّيَهْلِكَ
مَنْ هَلَكَ عَنْ بَيِّنَةٍ وَّيَحْيٰى مَنْ حَيَّ عَنْ
بَيِّنَةٍ ۚ وَإِنَّ اللّٰهَ لَسَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٤٢﴾

43 Nalika Allah meruhaké sira ing dhèwèké ing jeroné impènira katon sathithik; lan saupama Panjenengané meruhaké sira ing dhèwèké katon akèh, amasthi sira padha rumasa apes sarta padha

إِذْ يُرِيكَهُمُ اللّٰهُ فِي مَنَامِكَ قَلِيلًا ۖ وَلَوْ
أَرٰىكَهُمْ كَثِيرًا لَّفَشِلْتُمْ وَلَتَنٰزَعْتُمْ

1008. Lah ing ngriki katerangaken pamanggènipun golongan titiga, inggih punika golonganipun titiyang Muslimin tuwin golongan Quraisy kakalih. Titiyang Muslimin wonten ing sisih ingkang langkung celak saking Madinah, wadyabala Quraisy wonten ing sisih ingkang tebih, inggih punika wonten ing sisih ingkang langkung celak dhateng Makkah, tebih saking Madinah, déné untan-untan wonten ing panggènan ingkang andhap, inggih punika wonten ing panggènan ingkang ngener dhateng pasisir, badhé nerusaken lampahipun dhateng Makkah, tebih saking Madinah (Rz).

1009. اختلاف في الميعاد ing ngriki ateges *boten netepi semados* saking fihakipun para Muslimin, nalika sami nyumerepi kakiyatanipun mengsah tuwin ringkihipun piyambak (Rz, AH).

1010. Para mufassirin sami mastani bilih ing ngriki punika wonten ukara ingkang boten kasebutaken; dados makaten suraosipun: ananging peperangan iku kalakon kalayan tanpa nganggé semayan.

1011. *Amr* utawi *prakawis* punika kadhawuhaken manawi sampun kalampahan, jalaran Allah sampun namtokaken nindakaken punika. Ing basa Arab lalampahan ingkang mesthi kalampahanipun, punika asring dipun tembungaken mawi fi'il madli. Déné ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika bab prakawis kawonipun para mengsahing Islam, ingkang bab prakawis punika sampun kawecakaken wiwit duk nalika Kanjeng Nabi wiwit nyangkul pakaryan dados utusan.

1012. Lalampahan ing Badar punika suka pasaksèn ingkang terang ing kayektèning kautusipun Kanjeng Nabi Suci, jalaran sampun marambah-rambah titiyang kafir sami dipun dhawuhi, bilih minongka pasaksènipun ingkang terang yakti ingkang kaparingaken déning Kanjeng Nabi dhateng piyambakipun, inggih punika sirnaning panguwaosipun déning astanipun Kanjeng Nabi Suci badhé kalampahan ing gesang sapunika punika ugi, makaten ugi panguwaos saha raja-brananipun boten badhé migunani punapa-punapa dhateng piyambakipun. Minangka contonipun piweca-piweca wau, kula aturi mirsani surat kakalih ingkang kagolong sepuh: "Lan sayekti dhèwèké bakal padha Ingsun icipaké ing siksa kang luwih cepak sadurungé siksa kang luwih gedhé, supaya dhèwèké padha balia" (32: 21);

pradondi ing dalem prakara iku, ananging Allah anylametaké (sira); sayekti Panjenengané iku Ingkang-Angudanèni apa kang ana ing dhadha-dhadha.

فِي الْأَمْرِ وَلٰكِنَّ اللّٰهَ سَلَّمَ ۗ إِنَّهٗ
عَلِيمٌۢ بِذَاتِ الصُّدُورِ ﴿٤٣﴾

44 Lan nalika Panjenengané meruhaké sira ing dhèwèké, kalané sira pethuk (karo dhèwèké), ana ing pandelengira katon sathithik sarta Panjenengané anyathithikaké sira ing dalem pandelengé, supayané Allah anyidakna prakara kang wis masthi kudu kalakon; lan marang Allah anggoné sakèhing prakara dibalèkaké.[1013]

وَإِذْ يُرِيكُمُوهُمْ إِذِ الْتَقَيْتُمْ فِيٓ أَعْيُنِكُمْ
قَلِيلًا وَّيُقَلِّلُكُمْ فِيٓ أَعْيُنِهِمْ لِيَقْضِيَ اللّٰهُ
أَمْرًا كَانَ مَفْعُولًا ۗ وَإِلَى اللّٰهِ تُرْجَعُ الْأُمُورُ ﴿٤٤﴾

RUKU' 6

Kamenangan punika boten gumantung ing cacah

45, 46. Santosa lan golong dipun dhawuhaken. 47, 48. Para mengsah sami angungasaken kakiyatanipun.

45 É, sira kang padha angèstu! samangsa sira kapapag sawijining papanthan, lah padha di tetep sarta padha di akèh anggonira éling maring Allah, supaya sira padha begja.

يٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ اٰمَنُوٓا إِذَا لَقِيتُمْ فِئَةً فَاثْبُتُوا
وَاذْكُرُوا اللّٰهَ كَثِيرًا لَّعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿٤٥﴾

46 Sarta padha ambangun-turuta ing Allah lan Utusan-É, lan aja padha pradondi, mundhak sira padha rumasa apes lan ilang kakuwatanira sarta padha di sabar; sayekti Allah iku anyartani para wong sabar.

وَأَطِيعُوا اللّٰهَ وَرَسُولَهٗ وَلَا تَنَازَعُوا فَتَفْشَلُوا
وَتَذْهَبَ رِيحُكُمْ وَاصْبِرُوا ۗ إِنَّ اللّٰهَ
مَعَ الصّٰبِرِينَ ﴿٤٦﴾

"Kaya mangkono iku siksa iku, lan sayekti siksa ing akhirat iku luwih gedhé, yèn ta dhèwèké padha weruha" (68: 33).

1013. Ing ayat ingkang sampun, katerangaken bilih kawontenanipun mengsah punika kaparingaken pirsa dhateng Kanjeng Nabi wonten ing salebeting supéna sakedhik sanget cacah jiwanipun: ing dhawuh ngriki katerangaken bilih nalika tempuking wadyabala kalih fihak para mengsah wau ugi kaparingaken sumerep dhateng para Muslimin katingal sakedhik cacah jiwanipun. Bab ingkang kaping kalih punika sampun katerangaken panjang wonten ing 395. Déné Kanjeng Nabi uninga wonten ing salebeting luyut para mengsah sakedhik cacah jiwanipun, punika kedah dipun werdéni ateges alit-alit manahipun, nadyan kathah cacah jiwanipun.

47 Lan aja padha kaya para kang padha metu saka ing panggonané kalawan umuk sarta pamèr marang manusa tuwin (kang) padha ngadoh saka dadalaning Allah,[1014] lan Allah iku anglimputi ing sabarang panggawéné.

وَلَا تَكُوْنُوْا كَالَّذِيْنَ خَرَجُوْا مِنْ دِيَارِهِمْ
بَطَرًا وَّرِئَآءَ النَّاسِ وَيَصُدُّوْنَ عَنْ
سَبِيْلِ اللّٰهِ ۗ وَاللّٰهُ بِمَا يَعْمَلُوْنَ مُحِيْطٌ ﴿٤٧﴾

48 Lan nalikané sétan[1015] amamaèsi dhèwèké ing panggawé-panggawéné karo calathu: Ing dina iki ora ana manusa kang ngalahaké marang kowé, lan sayekti aku iki pangayomanmu; ananging bareng papanthan loro iku wis padha aduarep, dhèwèké ambalik ing tungkaké karo calathu: Temen aku iki lebaran saka kowé, sayekti aku weruh barang kang kowé padha ora weruh, temen aku iki wedi maring Allah; lan Allah iku abanget ing pamales (marang ala).

وَاِذْ زَيَّنَ لَهُمُ الشَّيْطٰنُ اَعْمَالَهُمْ وَقَالَ
لَا غَالِبَ لَكُمُ الْيَوْمَ مِنَ النَّاسِ وَاِنِّيْ
جَارٌ لَّكُمْ ۚ فَلَمَّا تَرَآءَتِ الْفِئَتٰنِ نَكَصَ
عَلٰى عَقِبَيْهِ وَقَالَ اِنِّيْ بَرِيْٓءٌ مِّنْكُمْ
اِنِّيْٓ اَرٰى مَا لَا تَرَوْنَ اِنِّيْٓ اَخَافُ اللّٰهَ ۗ
وَاللّٰهُ شَدِيْدُ الْعِقَابِ ﴿٤٨﴾

RUKU' 7

Kakiyataning mengsah dados ringkih

49-51. Mengsah anggènipun angèndelaken kakiyatanipun sarta anggènipun temahan cabar. 52-54. Pandhinganipun kaliyan leburipun tiyangipun Fir'aun. 55-56. Panerak prajanjian wongsal-wangsul.

49 Nalikané para lamis lan para kang ing sajroning atiné padha ana larané calathu: Agamané iku wus *anyadhangaké* dhèwèké *marang karusakan*; lan sapa sing asèsèndhéan marang Allah, lah sayekti Allah iku Minulya, Wicaksana.

Ut. *anyinthung*

اِذْ يَقُوْلُ الْمُنٰفِقُوْنَ وَالَّذِيْنَ فِيْ قُلُوْبِهِمْ
مَّرَضٌ غَرَّ هٰٓؤُلَآءِ دِيْنُهُمْ ۗ وَمَنْ
يَّتَوَكَّلْ عَلَى اللّٰهِ فَاِنَّ اللّٰهَ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ﴿٤٩﴾

1014. Terang ingkang dipun karsakaken punika wadyabala Quraisy, ingkang nalika bidhalipun sami asosongaran badhé andadosaken karang-abang nagari Madinah.

1015. Ing dalem prakawis punika sétan punika boten sanès kajawi Suraqah bin Malik anakipun Ja'syam, inggih punika èwonipun tiyang pancer Bani Bakr bin Kananah (Rz). Piyambakipun nyagahi tiyang Quraisy badhé ambiyantu.

50 Lan saupama sira weruha, nalika para Malaikat amatèni para kang padha kafir, anggebugi rainé lan gegeré, sarta (acalathu): Padha ngrasakna siksa kang anggesengaké.

وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذْ يَتَوَفَّى ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ۙ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ
يَضْرِبُونَ وُجُوهَهُمْ وَأَدْبَٰرَهُمْ ۚ وَ
ذُوقُوا۟ عَذَابَ ٱلْحَرِيقِ ﴿٥٠﴾

51 Iki amarga saka apa panggawéning tangan-tanganira kang dhingin-dhingin, lan amarga Allah iku ora pisan atindak dudu marang para kawula;

ذَٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيكُمْ وَأَنَّ ٱللَّهَ
لَيْسَ بِظَلَّٰمٍ لِّلْعَبِيدِ ﴿٥١﴾

Ut. *anatrapi*

52 Kaya tindaké wongé Fir'aun sarta para ing sadurungé: padha angafiri ing timbalan-timbalaning Allah, mulané Allah *anglebur* dhèwèké, amarga saka dosané; sayekti Allah iku Kuwat, Abanget ing pamales (marang ala).[1016]

كَدَأْبِ ءَالِ فِرْعَوْنَ ۙ وَٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ
كَفَرُوا۟ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ فَأَخَذَهُمُ ٱللَّهُ بِذُنُوبِهِمْ ۗ
إِنَّ ٱللَّهَ قَوِىٌّ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ ﴿٥٢﴾

Ar. *nganti*

Ar. *apa kang ana ing dhèwèké*

53 Iki amarga déné Allah iku ora pisan angéwahi nugraha kang wus Dinugrahakaké marang sawijining bangsa, *kajaba yèn* dhèwèké angowahi *kahanané dhéwé*; lan amarga déné Allah iku Amiyarsa, Angudanéni.

ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ لَمْ يَكُ مُغَيِّرًا نِّعْمَةً
أَنْعَمَهَا عَلَىٰ قَوْمٍ حَتَّىٰ يُغَيِّرُوا۟ مَا بِأَنفُسِهِمْ ۙ
وَأَنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٥٣﴾

54 Kaya tindaké wongé Fir'aun sarta para ing sadurungé: padha anggorohaké timbalan-timbalaning Pangérané, mulané Ingsun anglebur dhèwèké, amarga saka dosané lan Ingsun angelem wongé Fir'aun, lan kabèh iku wong kang padha atindak dudu.

كَدَأْبِ ءَالِ فِرْعَوْنَ ۙ وَٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ
كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِمْ فَأَهْلَكْنَٰهُم بِذُنُوبِهِمْ
وَأَغْرَقْنَآ ءَالَ فِرْعَوْنَ ۚ وَكُلٌّ كَانُوا۟
ظَٰلِمِينَ ﴿٥٤﴾

Ut. *gegremetan*

55 Sayekti, ala-alané *sato kéwan* iku mungguhing Allah para kang padha kafir, lah dhèwèké ora bakal padha angèstu.

إِنَّ شَرَّ ٱلدَّوَآبِّ عِندَ ٱللَّهِ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟
فَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٥٥﴾

1016. Ing ngriki nyebutaken tiyangipun Fir'aun, punika kanggé nedahaken saminipun Kanjeng Nabi kaliyan Kanjeng Nabi Musa, sarta meca bilih ing wasananipun para mengsah badhé sirna tanpa tilas.

56 Dhèwèké, para kang padha aprajanjian karo sira, banjur padha angrusak prajanjiané marambah-rambah, lan padha ora prayitna (marang wajibé).[1017]

ٱلَّذِينَ عَٰهَدتَّ مِنْهُمْ ثُمَّ يَنقُضُونَ
عَهْدَهُمْ فِى كُلِّ مَرَّةٍ وَهُمْ لَا يَتَّقُونَ ﴿٥٦﴾

57 Mulané manawa sira anempuh dhèwèké ana ing paprangan, lah (dhèwèké padha) sira buyarna, (dimèn dadi tepa tuladhané) sapa ing saburiné, supaya dhèwèké padha élinga.[1018]

فَإِمَّا تَثْقَفَنَّهُمْ فِى ٱلْحَرْبِ فَشَرِّدْ بِهِم
مَّنْ خَلْفَهُمْ لَعَلَّهُمْ يَذَّكَّرُونَ ﴿٥٧﴾

58 Lan manawa sira wedi cidrané sawijining golongan, lah uwukna (prajanjiané) atas dhadhasar padha-padha; sayekti Allah iku ora remen para wong cidra.[1019]

وَإِمَّا تَخَافَنَّ مِن قَوْمٍ خِيَانَةً فَٱنۢبِذْ
إِلَيْهِمْ عَلَىٰ سَوَآءٍ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يُحِبُّ ٱلْخَآئِنِينَ ﴿٥٨﴾

RUKU' 8

Lastantuning katentreman déning kakiyatan

59, 60. Para Muslimin kedah tansah sumedya tandang manawi wonten punapa-punapa samangsa-mangsa. 61, 62. Dhamé kedah langkung pinilih. 63, 64. Gumolong punika dumunung paparinging Pangéran.

59 Lan para kang padha kafir aja padha ngira manawa dhèwèké bakal *teka andhisiki*; sayekti dhèwèké ora andadèkaké apes(-Ingsun).

Ut. *anglancangi*

وَلَا يَحْسَبَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ سَبَقُوٓا۟ ۚ
إِنَّهُمْ لَا يُعْجِزُونَ ﴿٥٩﴾

1017. Punika nedahaken anggènipun para mengsahing Islam sami boten ngaosi tanggel jawabipun lan nerak prajanjianipun. Ing ngriki kasebutaken manawi anggènipun para mengsah nerak prajanjian punika marambah-rambah; punika nedahaken kalayan terang, bilih titiyang Muslimin boten naté suwala damel prajanjian malih, manawi prajanjian ingkang sampun dipun terak; nanging para kafir inggih meksa boten sami ngaosi prajanjianipun, milanipun minangka ikhtiyar ingkang wekasan, titiyang Muslimin dipun idini anguwukaken prajanjian ingkang boten dipun tetepi wau (ayat 58).

1018. Terangipun, pidana ingkang mangka tepa-tuladha punika perlu dipun dhawahaken dhateng piyambakipun, murih kèndela, sampun kelajeng-lajeng wonten peperangan lan wutah-winutahan rah.

1019. Manawi fihak satunggalipun boten setya dhateng prajanjianipun bedhamèn, titiyang Muslimin inggih ugi kénging anguwukaken prajanjian wau. Tembung wedi ing ngriki boten lajeng anedahaken bilih namung lugu nguwatosaken thok, boten sinartan pandamel saking fihak satunggalipun, lajeng kénging kanggé waton nguwukaken prajanjian. Kula aturi nyundhukaken kaliyan ayat 62 tuwin katrangan angka 1021, mangké rak cetha tegesipun. Nalika nafsiri ayat punika Rz nerangaken: "*Ajrih ing cidra* punika kaanggep, manawi kukuwatosan wau dipun kiyataken kalayan cihna ingkang nedahaken anggènipun cidra."

60 Lan padha cacawisa anggulang dhèwèké apa ing sabisanira, arupa kakuwatan lan arupa jaran kang cinancang ing wates, kanggo anggirisaké mungsuhing Allah lan mungsuhira lan liya-liyané kajaba dhèwèké, kang sira padha ora weruh, (ananging) kang Allah udani; lan barang apa baé kang sira wetokaké ing dadalaning Allah, liliru genep bakal pinaringaké marang sira, sarta sira ora bakal kinaniaya.[1020]

وَأَعِدُّوا لَهُم مَّا اسْتَطَعْتُم مِّن قُوَّةٍ
وَمِن رِّبَاطِ الْخَيْلِ تُرْهِبُونَ بِهِ عَدُوَّ
اللَّهِ وَعَدُوَّكُمْ وَآخَرِينَ مِن دُونِهِمْ
لَا تَعْلَمُونَهُمُ ۚ اللَّهُ يَعْلَمُهُمْ ۚ وَمَا تُنفِقُوا
مِن شَيْءٍ فِي سَبِيلِ اللَّهِ يُوَفَّ إِلَيْكُمْ
وَأَنتُمْ لَا تُظْلَمُونَ ٦٠

61 Lan manawa dhèwèké padha tumiyung marang dhamé, lah sira (iya) tumiyunga mrono sarta kumandela marang Allah; sayekti Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni.

وَإِن جَنَحُوا لِلسَّلْمِ فَاجْنَحْ لَهَا وَتَوَكَّلْ
عَلَى اللَّهِ ۚ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ٦١

62 Lan manawa dhèwèké sumedya ambalubuk sira, – lah sayekti Allah iku wis cukup tumrapé sira; Panjenengané iku Kang anguwataké sira kalawan pitulung-É lan kalawan para angèstu,[1021]

وَإِن يُرِيدُوا أَن يَخْدَعُوكَ فَإِنَّ حَسْبَكَ
اللَّهُ ۚ هُوَ الَّذِي أَيَّدَكَ بِنَصْرِهِ وَبِالْمُؤْمِنِينَ ٦٢

63 Lan anggolongaké ati-atiné; saupama sira angetokna apa kang ana ing bumi kabèh, ora bakal sira bisa anggolongaké ati-atiné ananging Allah anggolongaké dhèwèké; sayekti Panjenengané iku Minulya, Wicaksana.

وَأَلَّفَ بَيْنَ قُلُوبِهِمْ ۚ لَوْ أَنفَقْتَ مَا فِي
الْأَرْضِ جَمِيعًا مَّا أَلَّفْتَ بَيْنَ قُلُوبِهِمْ
وَلَٰكِنَّ اللَّهَ أَلَّفَ بَيْنَهُمْ ۚ إِنَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ٦٣

1020. *Kakuwatan* (*Ar. quwwah*), punika miturut Rz ateges: *sadaya barang ingkang dados tuking kakiyatan, kalebet ugi sawarnining prabot perang tuwin gelaring perang sanès-sanèsipun kanggé rumeksa dhiri tuwin kanggé nempuh*. Titiyang Muslimin unggul yudanipun nalika wonten ing Badar, nadyan boten jangkep dadamelipun saha dèrèng cacawis badhé perang. Nanging titiyang Muslimin dipun dhawuhi ing wekdal ingkang badhé dhateng kedah tansah sumedhiya sarta cacawis sadaya tuking kakiyatan, supados margi saking cacawisipun para Muslimin wau para mengsah lajeng purun asikep rahayu: jalaran sampun cetha ringkihipun para Muslimin punika, ingkang lajeng murugaken para mengsah nempuh wani dhateng para Muslimin. Rahayu punika sagedipun kagayuh asarana samekta ing perang.

1021. "Ambalubuk" ing ngriki gagayutan kaliyan punapa ingkang sampun kapangandikakaken ing ayat ingkang sampun. Dados tegesipun punika: *manawa dhèwèké sumedya ambalubuk sira kalawan api-api bedhamèn*, nadyan makatena pisan anggènipun ngajak bedhamèn wau kedah dipun tanggapi.

64 É, Nabi! Allah iku wis cukup tumrapé ing sira sarta pandhèrèkira, para angèstu.

يٰۤاَيُّهَا النَّبِيُّ حَسْبُكَ اللّٰهُ وَ مَنِ اتَّبَعَكَ مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿۶۴﴾

RUKU' 9

Para Muslimin kedah sumedhiya amethukaken, sanajan karoban tandhing

65, 66. Para Muslimin kedah boten mangu-mangu amethukaken prajurit ingkang tikel kalih utawi tikel sadasa cacahipun. 67-69. Pémut sampun ngantos ambabahak.

65 O, Nabi! ambobolèhana para angèstu, marang perang;[1022] manawa golonganira ana rongpuluh wong sing teguh atiné, bakal ngalahaké rongatus, lan manawa golonganira ana satus, bakal angalahaké sèwu para kang padha kafir, awit déné dhèwèké iku wong kang ora padha mangerti.[1022A]

يٰۤاَيُّهَا النَّبِيُّ حَرِّضِ الْمُؤْمِنِيْنَ عَلَى الْقِتَالِ ؕ اِنْ يَّكُنْ مِّنْكُمْ عِشْرُوْنَ صٰبِرُوْنَ يَغْلِبُوْا مِائَتَيْنِ ۚ وَ اِنْ يَّكُنْ مِّنْكُمْ مِّائَةٌ يَّغْلِبُوْۤا اَلْفًا مِّنَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِاَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَفْقَهُوْنَ ﴿۶۵﴾

66 Ing samengko Allah angènthèngaké sasangganira, sarta Panjenengané anguningani, yèn apes dumunung ing sira; lah yèn golonganira ana satus wong sing teguh atiné, bakal angalahaké rong atus, lan yèn golonganira ana sèwu, bakal angalahaké rong èwu kalawan idining Allah; lan Allah iku anyartani para wong teguh atiné.[1023]

اَلْـٰٔنَ خَفَّفَ اللّٰهُ عَنْكُمْ وَ عَلِمَ اَنَّ فِيْكُمْ ضَعْفًا ؕ فَاِنْ يَّكُنْ مِّنْكُمْ مِّائَةٌ صَابِرَةٌ يَّغْلِبُوْا مِائَتَيْنِ ۚ وَ اِنْ يَّكُنْ مِّنْكُمْ اَلْفٌ يَّغْلِبُوْۤا اَلْفَيْنِ بِاِذْنِ اللّٰهِ ؕ وَ اللّٰهُ مَعَ الصّٰبِرِيْنَ ﴿۶۶﴾

Tiyang Muslimin kedah boten suwala dipun ajak bedhamèn namung margi kuwatos dipun balubuk, jalaran: sayekti Allah iku wis cukup tumrapé sira.

1022. Dipun pèngetana bilih perang ingkang dipun dhawuhaken dhateng para Muslimin, punika perang rumeksa dhiri, inggih punika perang kanggé rumeksa kawilujenganing badanipun saha kanggé rumeksa agami Islam. Para Muslimin dipun acungi pedhang, mila piyambakipun lajeng dipun dhawuhi ambélani Islam. Bab punika katerangaken ing panggènan sanès makaten: "Lan padha peranga ing dadalaning Allah karo para kang merangi sira lan aja angliwati wates" (2: 190). Mirsanana 238, ing ngriku bab punika karembag sacekapipun.

1022A. Titiyang Muslimin punika sakedhik sanget cacah jiwanipun manawi dipun timbang kaliyan mengsah-mengsahipun; tatandhingan tiyang Islam satunggal tiyang kafir sadasa taksih sor-tandhing para Muslimin. Dados ing ngriki punika mengku piweca bilih nadyan langkung sakedhik cacah jiwanipun, para Muslimin meksa badhé menang.

1023. Ayat punika déning sawenèh ngulami kakinten manawi nyuwak ayat ingkang sampun, ingkang nerangaken bilih tiyang Muslimin kalihdasa ingkang sabar badhé menang kaliyan tiyang kafir kalihatus. Nanging panginten punika boten leres. Sapisan awit ingkang kénging winastan kasuwak punika rak namung dhawuh (paréntah) manawi pratélan rak boten saged winastan kasuwak; kaping kalih, pratélan warni kalih punika magepokan kaliyan kawontenanipun para Muslimin warni kalih

67 Ora mungguh tumrapé Nabi, yèn ta amundhuta tawanan, kajaba manawa panjenengané perang sarta menang ana ing bumi; sira padha karep marang barang kang ora langgeng ing donya iki, mangka Allah angarsakaké akhirat (tumrap marang sira); lan Allah iku Minulya, Wicaksana.[1024]

مَا كَانَ لِنَبِيٍّ أَنْ يَّكُوْنَ لَهٗٓ أَسْرٰى حَتّٰى يُثْخِنَ فِى الْأَرْضِ ۗ تُرِيْدُوْنَ عَرَضَ الدُّنْيَا ۖ وَاللّٰهُ يُرِيْدُ الْاٰخِرَةَ ۗ وَاللّٰهُ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ﴿٦٧﴾

ingkang béda. Nalika perang Badar prajurit Muslimin punika boten pantes winastan prajurit. Nalika wekdal wau dèrèng wonten prajurit Muslimin. Sadhéngah tiyang sawonten-wontenipun, anom utawi sepuh, sakit punapa saras, sami tumut perang déning kapeksa kedah rumeksa ing kawilujenganing gesangipun umat. Prakawis punika kasebutaken wonten ing dhawuh ingkang mungel: *Panjenengané anguningani, yèn apes dumunung ing sira*. Mila wadyabala Muslimin kados wontenipun nalika samanten, punika nyengka-nyengkanipun namung saged tandhing kaliyan mengsah ingkang tikel kalih cacah jiwanipun. Suprandéné inggih wonten masakalanipun kaum Muslimin punika tandhing kaliyan wadyabala mengsah ingkang tikel sadasa cacah jiwanipun. Dados pratélanipun Quran warni kalih wau kalampahan saèstu nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi Suci. Ing nalika perang Badar titiyang Muslimin menang kaliyan wadyabala mengsah ingkang tikel tiga kathahipun; nalika perang Ahzab titiyang Muslimin watawis tiyang 1000 jiwa saged ngawonaken wadyabalaning mengsah sadasaèwu jiwa. Saupami dhawuhing ayat punika dipun anggepa dados dhawuh paréntah, inggih punika ingkang maréntahaken dhateng kaum Muslimin supados menang kaliyan wadya tikel kalih lajeng tikel sadasanipun, meksa inggih boten wonten rembag bab prakawis suwakan dhawuh. Ing ayat punika wonten dhawuh warni kalih, satunggal miturut kawontenanipun umat Islam nalika jaman samanten, satunggalipun miturut kawontenanipun ing wekdal ingkang badhé dhateng, inggih punika nalika para prawira ageng kados déné Khalid punapa punika sampun ngrasuk agami Islam. Kawanteranipun Khalid tuwin para prawira Muslimin sanès-sanèsipun nalika peperangan kaliyan Kerajan Persi tuwin Kerajan Rum, ambuktèkaken ing kayektèning pratélan wau. Prayogi kula terangaken pisan bilih ayat kalih iji punika namung ngarsakaken titiyang Muslimin ingkang sakedhik punika menanga kaliyan mengsahipun ingkang langkung kathah cacah jiwanipun kalayan lampah ingkang mikantuki, dados ingkang dipun karsakaken sanès cacahipun ingkang trep. Contonipun, nalika perang Badar kenyataan prajurit Islam satunggal tandhing kaliyan prajuriting mengsah langkung saking tiga, nadyan miturut dhawuh namung kapurih menang kaliyan tiyang kalih.

1024. Awawaton sawenèh hadits, para mufassirin sami gadhah paham bilih ayat punika lan ayat candhakipun wigatos anyebutaken prakawis mardikakaken tiyang tawanan perang ing Badar, sasampunipun tampi arta tebusan saking para titiyang wau; criyosipun tindak makaten wau boten dipun idini wonten ing ayat punika. Nanging wonten titimbangan warni-warni ingkang nedahaken bilih ingkang dipun karsakaken ayat punika prakawis sanès malih. Sapisan, janji ingkang kawarsitakaken ing ngriki kanggé janggelaning ngukup tiyang tawanan, Kanjeng Nabi kedah merangi mengsah; punika katindakaken saèstu nalika perang Badar. Gagandhèngan kaliyan punika perlu katerangaken bilih *itskhân* punika boten ateges *numpes mengsah sadaya*; déné kajengipun namung *nglawan mengsah kalayan sanget*, utawi *merangi kalayan anderpati*, utawi *ngawonaken mengsah sasampunipun peperangan saèstu*. LL nerangaken: "*Atskhanahu* miturut tegesipun ingkang sakawit ateges *andados*," dados *atskhanahu* wau ateges: *dhèwèké* (tiyang, tatu, utawi sasakit) *ngrekasakaké dhèwèké* utawi *ngringkihaké dhèwèké*. Rr nyebutaken kateranganipun Wahidi: "*itskhan*" tumrap samukawis punapa kémawon ateges *saya mindhak kiyat tuwin saya sanget*; ukara اثخنه المرض punika kanggé nembungaken *manawi sasakit punika saya sanget*, awit saking punika يثخن فى الارض punika ateges *dados saya kiyat tuwin santosa lan menang.*" Rz lajeng mewahi katrangan bilih kathah para mufassirin ingkang negesi tembung wau *adamel pepejah kalayan sanget*, déné ingkang dipun anggé waton amargi karajan tuwin papréntahan punika sagedipun dados kiyat lan santosa kalayan wontenipun pepejah (Rz). Dados negesi tembung wau *numpes* utawi *damel pepejah kalayan*

68 Saupama oraa ana undhang saka Allah kang wus dhumawuh ing dhisik,[1025] sayekti siksa kang gedhé wus anibani sira, amarga saka barang kang wus padha sira lakoni.[1026]

لَوْلَا كِتٰبٌ مِّنَ اللّٰهِ سَبَقَ لَمَسَّكُمْ فِيْمَآ اَخَذْتُمْ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ۝٦٨

---

anggigirisi, punika lugu namung panginten-inten balaka. Tembung wau ing Quran dipun anggé sapisan malih, inggih punika ing 47: 4, sarta ing ngriku punika lèrègipun inggih cetha dhateng pupuntoning pamanggih punika ugi; mirsanana 47: 4 "Nganti manawa kowé wis *menang* karo dhèwèké."

Kaping kalihipun, ngukup tiyang tawanan saha mardikakaken, ing wekdal wau, sampun laras kaliyan dhawuh ingkang terang gamblang kasebut ing dhawuh sambetipun dhawuh punika let kalih ayat, makaten: "O, Nabi! Calathua marang para tawanan kang ana ing tanganira: Manawa Allah anguningani ana kabecikan ing sajroning ati-atinira, Panjenengané bakal amaringi sira luwih becik tinimbang apa kang wis kapundhut saka ing sira" (ayat 70). Punika nedahaken bilih ayat-ayat punika anggènipun katurunaken nalika titiyang tawanan sami *taksih wonten ing tanganipun* para Muslimin, sarta *apa kang wis kapundhut* punika terang manawi tebusan, ingkang dumuginipun ing Madinah mesthi ing sasampunipun let pinten-pinten dinten. Saupami ayat punika mengku suraos dhawuh mejahi tiyang tawanan sarta boten marengaken mardikakaken tiyang tawanan wau, yekti inggih sampun katindakaken kala wingi-wingi. Dados rèhning lekas kados makaten wau boten naté katindakaken, nandhakaken manawi ayat punika boten andhawuhaken lekas ingkang kados makaten wau.

Bab prakawis leresing tindakipun Kanjeng Nabi ing wekdal wau, kalayan terang kaseksèn ing dhawuh ingkang tumurunipun langkung rumiyin, makaten: "Mulané samangsa sira padha katemu para kang padha kafir ana ing paprangan banjur sabeten guluné, nganti samangsané wis padha sira kalahaké, padha dadèkna tawanan, tumuli sawisé iku, apa sira luwari kalawan kadarman apa kalawan tebusan nganti perangé rampung' (47: 4). Lah rèhning ing saben sabibaring perang Kanjeng Nabi boten naté mejahi tiyang tawanan, dadosipun cetha manawi tindakipun nalika wonten ing prang Badar wau sampun laras kaliyan keparenging karsanipun Pangéran.

Manawi makaten, lah punapa ingkang kasasmitakaken ing ayat puniku sarta ing ayat candhakipun? Tumrap kula kados sampun terang sanget bilih ingkang dipun karsakaken punika *kajengipun* sagolongan tiyang Muslimin, kados déné ingkang kasebutaken wonten ing ayat 7 (kula aturi maspaosaken tembung *karep* ingkang kagem wonten ing ayat punika), dados ingkang dipun karsakaken punika sanès tindak ingkang sampun rampung katindakaken. Déné dhawuh ingkang kamot wonten ing ayat 7 wau mungel makaten: *Lan sira angajab bisaa kang ora asikep gagaman dadi bubuhanira*. Para titiyang wau sami angajab badhé nempuh saha nukup untan-untan ingkang boten asikep dadamel, nanging ambégal kados makaten punika boten *mungguh* tumrap satunggaling nabi, sanadyan titiyang kafir inggih nindakaken ingkang kados makaten punika dhateng titiyang Muslimin. Panjenenganipun (Kanjeng Nabi) kedah perang langkung rumiyin kanggé rumeksa dhiri, manawi saged ngawonaken mengsah, lah panjenenganipun saweg kénging nawan tiyang. Dados dhawuh punika ugi wigatos angundhangaken boten absahipun pangawulan (*slavery*), déné ingkang dipun idini ngemungaken nawan tiyang ingkang katukup wonten ing paprangan. *Barang kang ora langgeng ing donya iki*, punika mèmperipun ingkang dipun karsakaken: untan-untan saha barang dadaganganipun, déné wewahan dhawuh ing wekasaning ayat 69: *lah padha mangana barang pakolihira ana ing paprangan, kang halal lan apik*, punika nedahaken bilih tebusan saking tiyang tawanan, punika kalebet èwonipun barang ingkang halal lan saé.

1025. Undhang saking Allah wau, kasebutaken wonten ing pinten-pinten panggènan ing surat punika; inggih punika: titiyang Muslimin badhé ayun-ayunan kaliyan wadya Quraisy wonten ing Badar: "Lan nalika Allah anyagahi sira salah sijiné golongan loro iku dadi bubuhanira ...... lan Allah angarsakaké ambeneraké kang bener (ayat 7); lan malih: ''Supayané Allah anyidakna prakara kang wis mesthi kudu kalakon" (ayat 49).

1026. Tetembungan اخذ في كذا punika ateges *murwani ing satunggaling barang,* utawi wiwit tumandang nindakaken punika (LA-LL).

Ut. *kena*

69 Lah padha mangana barang pakolihira ana ing paprangan, kang *halal* lan apik, sarta di padha prayitna (marang wajibira) ing Allah; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

فَكُلُوا مِمَّا غَنِمْتُمْ حَلٰلًا طَيِّبًا ۖ وَّاتَّقُوا
اللّٰهَ ؕ اِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٦٩﴾

RUKU' 10

Sasambetan kaliyan Muslimin sarta kaliyan sanès Muslimin

70, 71. Tawanan perang dipun culaken. 72, 73. Manawi kados pundi pitulungipun Muslimin boten wajib. 74, 75. Muslimin ingkang kedah dipun rengkuh kados warganing babrayan.

70 O, Nabi! Calathua marang para tawanan kang ana ing tanganira: Manawa Allah anguningani ana kabecikan ing sajroning ati-atinira, Panjenengané bakal amaringi sira luwih becik tinimbang apa kang wis kapundhut saka ing sira,[a] sarta bakal angapura marang sira; lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

a. 1024

يٰۤاَيُّهَا النَّبِيُّ قُلْ لِّمَنْ فِيْۤ اَيْدِيْكُمْ مِّنَ
الْاَسْرٰۤى ۙ اِنْ يَّعْلَمِ اللّٰهُ فِيْ قُلُوْبِكُمْ خَيْرًا
يُّؤْتِكُمْ خَيْرًا مِّمَّاۤ اُخِذَ مِنْكُمْ وَيَغْفِرْ
لَكُمْ ؕ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٧٠﴾

71 Lan manawa dhèwèké padha arep anyidrani sira, lah temen dhèwèké iku ing sadurungé (iku) wis anyidrani Allah, ananging Panjenengané amaringi (sira) anguwasani dhèwèké; lan Allah iku Angudanèni, Wicaksana.

وَاِنْ يُّرِيْدُوْا خِيَانَتَكَ فَقَدْ خَانُوا اللّٰهَ
مِنْ قَبْلُ فَاَمْكَنَ مِنْهُمْ ؕ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ﴿٧١﴾

72 Sayekti para kang padha angèstu sarta oncat aninggal (omahé) tuwin nyrempeng ing dadalaning Allah kalawan bandhané lan jiwané sarta para kang padha awèh pangungsèn lan mitulungi – iki padha dadi pangayoman sawenèh marang sawenèhé; wondéné para kang padha angèstu lan ora oncat aninggal (omahé), iku dudu bubuhanira pisan-pisan anggoné angayomi, nganti saoncaté; lan manawa dhèwèké padha anjaluk pitulungira ing dalem prakara

اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَهَاجَرُوْا وَجٰهَدُوْا
بِاَمْوَالِهِمْ وَاَنْفُسِهِمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ
وَالَّذِيْنَ اٰوَوْا وَّنَصَرُوْۤا اُولٰٓئِكَ بَعْضُهُمْ
اَوْلِيَآءُ بَعْضٍ ؕ وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَلَمْ يُهَاجِرُوْا
مَا لَكُمْ مِّنْ وَّلَايَتِهِمْ مِّنْ شَيْءٍ حَتّٰى
يُهَاجِرُوْا ۚ وَاِنِ اسْتَنْصَرُوْكُمْ فِي الدِّيْنِ

Ar. *Antarané*

agama, lah wajib ingatasé sira anulungana, kajaba tumrap wong kang antaranira karo *dhèwèké* ana prajanjian, lan Allah iku Amirsani ing sabarang kang padha sira lakoni.[1027]

فَعَلَيْكُمُ النَّصْرُ إِلَّا عَلَىٰ قَوْمٍ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُم مِّيثَاقٌ ۗ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٧٢﴾

73 Wondéné para kang padha kafir, iku padha dadi pangayoman sawenèh marang sawenèhé; iku manawa sira padha ora anindakaké, bakal ana panindhesan ing bumi sarta wisuna kang gedhé.[1028]

وَالَّذِينَ كَفَرُوا بَعْضُهُمْ أَوْلِيَاءُ بَعْضٍ ۚ إِلَّا تَفْعَلُوهُ تَكُن فِتْنَةٌ فِي الْأَرْضِ وَفَسَادٌ كَبِيرٌ ﴿٧٣﴾

74 Wondéné para kang padha angèstu sarta oncat aninggal (omahé) lan anyrempeng ing dadalaning Allah, sarta para kang padha awèh pangungsèn lan amitulungi – iki para wong angèstu sajati; bakal padha olèh pangapura sarta rejeki kang mulya.

وَالَّذِينَ آمَنُوا وَهَاجَرُوا وَجَاهَدُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ وَالَّذِينَ آوَوا وَّنَصَرُوا أُولَٰئِكَ هُمُ الْمُؤْمِنُونَ حَقًّا ۚ لَّهُم مَّغْفِرَةٌ وَرِزْقٌ كَرِيمٌ ﴿٧٤﴾

75 Wondéné para kang sawisé iku padha angèstu sarta oncat aninggal (omahé) tuwin anyrempeng anyartani sira – iki golonganira; lan para kang padha duwé gagayutan sanak iku ing dalem kitabé Allah luwih cedhak sawe-

وَالَّذِينَ آمَنُوا مِن بَعْدُ وَهَاجَرُوا وَجَاهَدُوا مَعَكُمْ فَأُولَٰئِكَ مِنكُمْ ۚ وَأُولُو الْأَرْحَامِ بَعْضُهُمْ أَوْلَىٰ بِبَعْضٍ فِي كِتَابِ

1027. Pangayoman ingkang kapangandikakaken ing ayat punika dados rembag ramé wonten ing kalanganipun para mufassirin. Kados sampun cetha tegesipun. Para angèstu margi dipun kaniaya, sami oncat nilar balé-griyanipun sarta lajeng sami dudunung wonten ing Madinah. Wonten ing ngriku para titiyang wau dados saumat kaliyan para titiyang Muslimin ing ngriku ingkang sami suka pitulung lan pangayoman inggih punika para sahabat Anshar ing Madinah. Nanging inggih wonten tiyang ingkang milaur tetep dudunung wonten ing griya-griyanipun. Umat Islam ing Madinah mesthi kémawon boten saged ngayomi para titiyang ingkang kados makaten punika, lah inggih punika ingkang dipun karsakaken ing dhawuh: *iku dudu bubuhanira pisan-pisan anggone angayomi punika*. Nanging manawi para titiyang wau sami nedha pitulung ing dalem babagan prakawis agami, umat Islam wajib mitulungi; kajawi ta manawi pitulungan ingkang dipun tedha wau cecengkahan kaliyan tiyang ingkang sampun aprajanjian sekuton kaliyan umat Islam, lah umat Islam boten wajib mitulungi. Dhawuh punika ngawisi titiyang Muslimin mirong dhateng ingkang nyepeng pamaréntahan, nadyan nganggé agami punapa kémawon ingkang nyepeng pamaréntahan wau, jalaran prajanjian ambangun-turut kaliyan ingkang nyepeng pamaréntahanipun satunggaling nagari nama sampun wonten.

1028. Manawa sira padha ora mitulungi sadulurira ing dalem babagan prakara agama, para kafir bakal saya wani anggoné nandukaké panganiaya, anggoné gawé wisuna lan anggoné ngrusak katentremaning praja.

nèh marang sawenèhé; sayekti Allah iku marang samubarang ngudanèni.[1029]	اللّٰهِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ࣖ ٧٥

1029. Boten wonten angèlipun nyuraos tegesipun ayat punika, kados déné pangintenipun sawenèh mufassirin. Manawi tiyang sanès kémawon janji ngrasuk Islam saha oncat nilar griyanipun lajeng dados "golonganira," lah punapa malih manawi taksih gagayutan sanak, botena saya kathah hakipun dipun ayomi kawigatosanipun déning umat Islam.

ركوعاتها ١٦ سُورَةُ التَّوْبَةِ مَدَنِيَّةٌ (٩) اٰياتها ١٢٩

SURAT 9

AL-BARA'AH

(*Lebaran*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*16 ruku'*, *129 ayat*)

Pathinipun:

Ruku'	1, 2.	Dhawuh pangumuman lebaran lan sabab-sababipun.
Ruku'	3.	Pangakenipun para manembah brahala anggadhahi wewenang lalados ing Padaleman Suci.
Ruku'	4.	Prakawisipun Islam badhé unggul.
Ruku'	5.	Para Yahudi tuwin Nasrani sami dhumawah tebih saking yakti.
Ruku'	6.	Kintun prajurit dhateng Tabuk.
Ruku'	7-13.	Para titiyang lamis.
Ruku'	14, 15.	Para susatya lan punapa ingkang kedah dipun lampahi.
Ruku'	16.	Tuju ingkang kegayuh déning wahyuning Pangéran.

Nama

Namanipun surat punika mendhet saking ungeling dhawuh ingkang wiwitan piyambak, ingkang isi dhawuh pangumuman wudhar saking kawajiban netepi janji kaliyan pancer-pancer manembah brahala, ingkang wola-wali nerak prajanjian. Dhawuh pangumuman punika wonten ing babadipun Islam dados salah satunggaling lalampahan ingkang sakalangkung wigatos, jalaran sadèrèngipun punika para Muslimin tansah nandhang pituna margi dipun mengsahi déning para pancer musyrik ingkang resah ing budi, ingkang boten naté netepi prajanjian-prajanjianipun, lan ingkang remen nandukaken piawon dhateng para Muslimin samangsa piyambakipun angsal wewengan tumindak ingkang makaten wau. Sadèrèngipun para Muslimin dipun keparengaken ngangkat dadamelipun kanggé nanggulangi, punika sampun dangu anggènipun kapeksa sami nandhang panganiaya, mangka para Muslimin wau tansah tetep setya nuhoni prajanjian bedhamèn, sanajan mengsah tansah aneraki prajanjianipun. Wondéné dhawuh lebaran ingkang kaparingaken dhateng para Muslimin, ingkang wigatos ngluwaraken para Muslimin saking kawajiban netepi prajanjian, punika anggènipun kaparingaken ing sasampuning mengsah-mengsahipun, ngantos anuwuhaken kawontenan ingkang tangèh lamun saged dipun lastantunaken. Surat punika ugi gadhah nama sanès-sanèsipun malih, ingkang misuwur piyambak, *surat Tobat.*

Sasambetanipun kaliyan surat ingkang sampun

Menggah ing sajatos-jatosipun punika sanès surat énggal, sarta inggih punika sababipun déné ing wiwitanipun tanpa mawi *Bismillah.* Ngakathah angakeni bilih surat punika kalebet péranganipun surat ingkang sampun, déné mila dipun sukani nama piyambak, punika margi saking wigatosipun dhawuh pangumuman *lebaran* punika, sarta inggih awit saking punika déné kanamakaken makaten wau. Ruku' ingkang kaping pitu saha kaping wolu ing surat ingkang sampun, sampun mratélakaken bilih para manembah brahala wongsal-wangsul nulayani ungeling prajanjian bedhamèn, ingkang ngiket piyambakipun tetep rukun boten memengsahan kaliyan titiyang Muslimin. Panerak ingkang wongsal-wangsul wau wasananipun mahanani ing wontenipun dhawuh pangumuman lebaran, awit mokal sagedipun kelampahan para Muslimin kaiket ing salami-laminipun déning ungeling prajanjian-

prajanjian wau, mangka mengsah-mengsahipun sami neraki sapurun-purun tanpa wonten pidananipun. Panerak-panerak wau asring sanget kelampahan, langkung-langkung manawi para titiyang kafir sami gadhah panginten bilih ing sawatawis wekdal panguwaos Muslimin ing Madinah ringkih, kados nalika jaman ngintun prajurit dhateng Tabuk punika.

Bab ingkang karembag lan urut-urutanipun

Bab anggènipun ngurutaken ayat-ayatipun sampun terang, boten perlu karembag panjang. Dhawuh lebaran ingkang perlu wontenipun margi para musyrik wongsal-wangsul sami nerak prajanjian, punika kaumumaken wonten ing ruku' ingkang wiwitan piyambak; nanging ugi wonten prakawis kalih ingkang dipun kejawèkaken. Sapisan, pancer-pancer ingkang tetep setya dhateng kawajibanipun; kaping kalih, para manembah brahala ingkang sami nedha pangayoman dhateng titiyang Muslimin. Ingkang angka kalih punika kedah dipun antukaken dhateng panceripun kalayan wilujeng, sarta boten kénging dipun ganggu damel, mawi lampah punapa kémawon. Prakawis warni kalih ingkang dipun kejawèkaken punika, sampun cekap kanggé ambuktèkaken lepatipun anggèning anggambar para guru-guru Nasrani dhateng Kanjeng Nabi Suci, inggih punika panjenenganipun dipun dakwa manawi anggènipun ajak-ajak tiyang kathah dhateng Islam punika kalayan ngasta Quran lan pedhang. Ruku' ingkang kaping kalih nerangaken sababipun ingkang enggel déné para Muslimin dipun uwalaken saking kawajiban netepi sawenèh prajanjian, sarta anerangaken malih kanthi ceplos, bilih para Muslimin kedah setya-tuhu dhateng prajanjianipun, sadangunipun fihak satunggalipun inggih sami netepi prajanjianipun. Wonten ing ruku' ingkang kaping tiga para manembah brahala dipun pangandikani, bilih pangakenipun anggadhahi wewenang dados "tuwan rumah"-ipun para ingkang sami ziyarah haji tuwin dados juru-andandosi lan ngadegaken Padaleman Suci, punika ing samangké boten saged milujengaken awakipun saking wohing pandamelipun piyambak; pungkasaning ruku' dhawuh migatosaken dhateng pangurbanan karana nglabuhi yakti, ingkang ing sapunikanipun kadhawuhaken dhateng para Muslimin. Ruku' candhakipun mangandikakaken menangipun ingkang wekasan agami Islam, boten namung kaliyan pancer-pancer Arab musyrik kémawon, nanging ugi kaliyan bangsa Nasrani ingkang kiyat, ingkang ing samangké wiwit ébah badhé nyures kakiyatanipun titiyang Muslimin. Rèhning sampun anyebutaken titiyang Nasrani, mila boten kénging boten ruku' candhakipun lajeng ngrembag bab prakawis dhumawahipun ingkang ngantos tebih para Yahudi tuwin para Nasrani, saking gegebengan mangéran satunggal, tur ingkang kalayan murni kados déné piwulanging nabinipun ingkang agung punika; pungkasanipun lajeng anyebutaken pengaruh awon ingkang katularaken déning para titiyang Yahudi dhateng bangsa Arab, sarana ngajani bangsa Arab wau sami nerak kasucianipun wulan-wulan ingkang sampun ingakenan suci. Wiwit ruku' punika ngantos dumugi telas-telasanipun surat, kajawi ruku' tiga ing wingking piyambak, nyebutaken bab nglurug dhateng Tabuk, langkung-langkung bab prakawis para titiyang ingkang kanthi jaragan lirwa ing wajib boten tumut nglurug; para lamis dipun lepataken, sasambetan kaliyan piyambakipun, inggih tumraping ruhani, inggih tumraping dunyawi, kapedhot. Sampun wiwit nalika jaman perang Uhud, nalika taun Hijrah tiga, para titiyang Muslimin kraos kalayan yakin bilih ing tengah-tengahipun wonten tiyang-tiyangipun munafék (tiyang lamis); para lamis punika sami dipun sukani kelonggaran ngantos ing wekasaning taun ingkang kaping sanga, murih kapoka lan puruna nyaékaken pandamelipun, utawi kalayan ngeblak anggolong dhateng golongan Islam punapa golongan kafir; sapunika dhawuh pamungkas bab prakawis para lamis punika dipun betahaken sanget.

Ruku' titiga ingkang wekasan piyambak, punika tutugipun ingkang samesthinipun rembag bab prakawis lalamisan. Punapa tandhanipun tiyang mukmin sajati, lan punapa ingkang mesthinipun katindakaken déning piyambakipun, kasebutaken wonten ing ruku' ingkang kaping kawanwelas lan gangsalwelas. Perang punika sanès sedya lan sanès ingkang katuju déning Islam, nanging menggah ing sajatos-jatosipun Islam dipun peksa perang margi dipun perangi. Pungkasaning surat ingkang mèh sagemblengipun ngrembag prajanjian-prajanjian bedhamèn, panantang perang lan bab peperangan, dhawuh dhateng para angèstu kedah sami damel kasamektan kanggé anjembaraken tebaning agami Islam, sarta saben babrayan Muslimin kedah wudhu tiyang kanggé andumugèkaken sedya ingkang mulya punika, inggih punika mencaraken yakti, sarta inggih punika maksudipun Islam ingkang sajati. Ruku' ingkang wekasan piyambak anedahaken punapa angsal-angsalanipun wahyu Quran tumrap dhateng para Muslimin tuwin sapinten genging anggènipun Kanjeng Nabi mrihatosaken tumrap karahayonipun para Muslimin.

RUKU' 1

Dhawuh pangumuman lebaran

1-4. Para Muslimin sampun wudhar saking tanggelan dhateng para manembah brahala ingkang amengsahi, kajawi dhateng ingkang setya ing janjinipun. 5. Angapunten dhateng ingkang sami angajengi Islam. 6. Suka pangayoman dhateng para manembah brahala.

1 (Iki dhawuh pangumuman) panyuwak déning Allah lan Utusan-É, marang para manembah brahala kang padha prajanjian karo sira.[1030]

بَرَآءَةٌ مِّنَ اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖٓ اِلَى الَّذِيْنَ عٰهَدْتُّمْ مِّنَ الْمُشْرِكِيْنَ ۝١

Titimangsa tumurunipun

Sadaya pamanggih mèh waradin angrujuki, bilih sagemblengipun surat punika katurunaken ing Madinah, nalika ngajengaken sédanipun Kanjeng Nabi Suci. Manawi ayat-ayatipun punika dipun manah kalayan tliti, ing ngriku saged anedahaken bilih sagemblengipun surat punika katurunaken nalika taun Hijrah sanga; ayat-ayat ingkang wiwitan kagolong ing wekasaning taun wau, déné ingkang sabagéan ageng kagolong watawis ing tengah-tengahing taun wau. Ayat-ayat ingkang wiwitan punika anggènipun katurunaken sasampunipun para ingkang sami ziyarah haji ing mangsa haji nalika taun ingkang kaping sanga, bidhal dhateng Makkah; rèhning ayat-ayat wau isi dhawuh pangumuman ingkang kedah kaundhangakeń dhateng para ingkang sami ziyarah haji saking pundi-pundi nagari ing tanah Arab ingkang sami ngalempak wonten ing Makkah, mila Bagéndha 'Ali lajeng kapatah nututi Bagéndha Abu Bakar, ingkang dados pangiriding para ingkang sami ziyarah haji, kanthi ambekta dhawuh punika. Tanpa guna manawi badhé réka daya anetepaken ingkang kalayan trep, titimangsanipun saben ayat, awit asring kémawon adamel klèntu. Saged-sagedipun mastani bab prakawis surat punika ingkang sabagéan ageng, inggih punika ayat 29 dumugi satelasipun, punika tumurunipun boten let dangu ing sadèrèngipun, ing salebetipun, utawi ing sasampunipun ngintunaken prajurit dhateng Tabuk, ingkang kelampahanipun nalika wulan Rejeb taun Hijrah sanga. Wonten ingkang mastani bilih ayat kakalih ingkang wekasan piyambak punika kelampahanipun nalika Kanjeng Nabi tindak ngibadah haji dhateng Makkah ingkang wekasan. Saboten-botenipun, pasaksèn ingkang anetepaken bilih ayat kakalih punika boten wonten sasambetanipun kaliyan ayat sanès-sanèsipun ing surat punika, punika pasaksèn ingkang boten kiyat.

1030. Ayat punika kedah kalaras kaliyan ayat-ayat sambetipun. Ayat angka sakawan saged nerangaken bilih ingkang dipun karsakaken punika para ingkang aprajanjian kaliyan para Muslimin, nanging nulayani janjinipun, jalaran para ingkang setya dhateng janjinipun, wonten ing ayat angka sakawan wau kalayan terang dipun kajawèkaken. Nyata saèstu para pancer Arab musyrik sami ambibrah prajanjianipun kaliyan para Muslimin ngantos marambah-rambah (8: 56); suprandéné para Muslimin kadhawuhan nanggapi bedhamèn, manawi para kafir sami purun, nadyan sampun marambah-rambah pijer nerak prajanjianipun (8: 61). Nanging kawontenan ingkang makaten punika boten saged yèn ta dipun lajeng-lajengaken, awit boten antawis dangu inggih lajeng katitik, bilih tatangga ingkang kados makaten punika pranyata boten kénging dipun pitados. Tumurunipun dhawuh anguwukaken prajanjian punika kalampahanipun nyarengi kaliyan nalika para Muslimin saweg pinuju nglurug dhateng Tabuk (Rz, AH). Ayat satunggal dumugi ayat tigawelas ing surat punika, dipun

2 Mulané lulungana ing bumi, patang sasi, sarta padha weruha, yèn sira kabèh iku ora bisa angapesaké Allah, sarta yèn Allah angasoraké para wong kafir.

فَسِيحُوا فِي الْأَرْضِ أَرْبَعَةَ أَشْهُرٍ وَاعْلَمُوا
أَنَّكُمْ غَيْرُ مُعْجِزِي اللَّهِ وَأَنَّ اللَّهَ
مُخْزِي الْكَافِرِينَ ②

3 Lan undhang-undhang saka Allah lan Utusan-É marang wong-wong ing dina haji gedhé,[1031] yèn Allah lan Utusan-É wudhar saka tanggungan marang para manembah brahala; mulané manawa sira padha tobat, lah iku luwih becik tumrapé sira, lan manawa sira padha mléngos, lah padha weruha, manawa sira kabèh iku ora bisa angapesaké Allah; sarta angebang-ebanga para kang padha kafir kalawan siksa kang nglarani.

وَأَذَانٌ مِنَ اللَّهِ وَرَسُولِهِ إِلَى النَّاسِ
يَوْمَ الْحَجِّ الْأَكْبَرِ أَنَّ اللَّهَ بَرِيءٌ
مِنَ الْمُشْرِكِينَ وَرَسُولُهُ فَإِنْ
تُبْتُمْ فَهُوَ خَيْرٌ لَكُمْ وَإِنْ تَوَلَّيْتُمْ فَاعْلَمُوا
أَنَّكُمْ غَيْرُ مُعْجِزِي اللَّهِ وَبَشِّرِ الَّذِينَ
كَفَرُوا بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ③

4 Kajaba para manembah brahala kang padha prajanjian karo sira, tumuli ora ambalénjani sira sathithik-thithika sarta ora ambiyantu sapa-sapa anglawan sira; lah sira padha anyampurnakna marang dhèwèké, prajanjiané, tumeka wawangené: sayekti Allah iku remen marang kang padha prayitna (ing wajibé).[1032]

إِلَّا الَّذِينَ عَاهَدْتُمْ مِنَ الْمُشْرِكِينَ
ثُمَّ لَمْ يَنْقُصُوكُمْ شَيْئًا وَلَمْ يُظَاهِرُوا
عَلَيْكُمْ أَحَدًا فَأَتِمُّوا إِلَيْهِمْ عَهْدَهُمْ إِلَىٰ
مُدَّتِهِمْ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُتَّقِينَ ④

undhangaken ing ngakathah déning Bagéndha ‘Ali nalika wekdal haji ing salebetipun taun Hijrah ingkang kaping sanga; milanipun lajeng dipun wonteni undhang-undhang makaten: (1) ing sasampunipun taun punika tiyang nembah brahala boten kénging celak-celak kaliyan Padaleman Suci; (2) tiyang boten kénging ngubengi Ka’bah kalayan wuda; tuwin (3) sadaya prajanjian kedah dipun tetepi. Undhang-undhang punika ingkang angka satunggal lan angka tiga kalayan terang kawengku wonten ing dhawuhing ayat-ayat punika. Déné sikepipun para pancer ingkang kaparingan janji pamungkas (*ultimatum*) ingkang kaparingaken lumantar Bagéndha ‘Ali wau, saged kacetha wonten ing wangsulanipun, makaten: “É, ‘Ali! tekakna welingan iki marang nakdhulurmu (Kanjeng Nabi), yaiku aku kabèh wis anyingkur prajanjian-prajanjian, sarta ing antarané dhèwèké lan aku kabèh wis ora ana prajanjian manèh kajaba nyuduk kalawan tumbak lan nyabet kalawan pedhang” (Rz).

1031. Dina hajji gedhé punika ateges dinten tanggal kaping sanga utawi sadasa Dhulhijjah, jalaran dinten wau dinten kalempakan ngibadah haji ageng-agengan ing ara-ara ‘Arafat tuwin ing Mina (Rz).

1032. Namung wonten tiyang golongan kakalih, ingkang kacariyos setya dhateng prajanjianipun, inggih punika tiyang Banu Dlamrah tuwin Banu Kananah (AH, Rz). Anggumunaken sanget déné panukarta (kritik) dhateng lslam ingkang tulus, punika langka wontenipun wonten ing antawisipun para pangarang Nasrani. Ing dhawuhing ayat ngriki mawi wonten ingkang dipun kejawèkaken, sarta punika saged anerangaken kalayan terang gamblang, bilih anggènipun kaum Muslimin peperangan kaliyan

فَإِذَا انْسَلَخَ الْأَشْهُرُ الْحُرُمُ فَاقْتُلُوا
الْمُشْرِكِينَ حَيْثُ وَجَدْتُمُوهُمْ وَخُذُوهُمْ
وَاحْصُرُوهُمْ وَاقْعُدُوا لَهُمْ كُلَّ مَرْصَدٍ ۚ
فَإِنْ تَابُوا وَأَقَامُوا الصَّلَوٰةَ وَآتَوُا الزَّكَوٰةَ
فَخَلُّوا سَبِيلَهُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿٥﴾

5 Mulané, samangsa sasi-sasi suci wus kaliwat, lah para manembah brahala[1033] padha patènana ana ing ngendi katemunira dhèwèké, sarta padha sira cekela lan sira kepunga, tuwin sira adhanga ing sarupaning pandhedhepan; ananging manawa dhèwèké padha mratobat sarta padha anjumenengaké salat lan ambayar zakat, lah padha sira mardikakna dadalané; sayekti, Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[1034]

---

para manembah brahala punika boten sabab agaminipun nembah brahala wau, nanging sabab anggènipun boten setya dhateng prajanjianipun. Suprandéné panukartanipun tiyang Nasrani nalika nerangaken ayat punika makaten: ‘‘para titiyang wau kedah dipun peksa lumebet agami Islam utawi dipun sirnakaken sarana pedhang” (Wh). Manawi anggènipun peperangan kaum Muslimin kaliyan para manembah-brahala wau sabab agaminipun, lah punapa sababipun déné para manembah brahala ingkang setya dhateng prajanjianipun ndadak dipun kejawèkaken punapa? Sabab ingkang anjalari wontenipun paprangan malih punika asifat politik, inggih punika nerak prajanjian, sarta inggih awit saking punika mila inggih namung titiyang golongan ingkang nerak prajanjianipun wau kémawon ingkang dipun perangi. Manawi ingkang dados sabab punika anggènipun nembah brahala, saèstu para manembah-brahala sadaya dipun perangi.

1033. Nitik wontenipun tiyang ingkang dipun kejawèkaken ing ayat ingkang sampun, cetha manawi para manembah-brahala ingkang dipun karsakaken ing ngriki, punika boten sadaya tiyang musyrik utawi para manembah-brahala ingkang pinanggih wonten ing pundi kémawon ing jagad punika, makaten ugi inggih boten sadaya tiyang musyrik ing Tanah Arab, nanging ingkang dipun karsakaken punika namung pancer-pancer Arab ingkang taksih sami nembah brahala. ingkang sami ngalempak nindakaken upacara haji, ingkang ing sakawit sami damel prajanjian kaliyan para Muslimin nanging lajeng nerak prajanjianipun wau.

1034. Ing dhawuh ngriki mawi wonten ingkang dipun kejawèkaken, punika sok asring dipun suraos kalayan kalèntu, sarta punika asring dipun anggé gagaran nyerang agami Islam, dipun kinten manawi dhawuh punika mengku panantun dhateng para kafir: “pedhang apa Quran.” Nanging panyuraos kados makaten punika tebih sanget sungsatipun kaliyan suraosipun ingkang leres. Dhawuh ingkang kawengku wonten ing péranganing ayat ingkang sapisan, punika sampun ambuktèkaken bilih sagemblenging ayat punika magepokan kaliyan sawenèh pancer Arab manembah brahala ingkang boten sami nuhoni prajanjianipun kaliyan para Muslimin, sarta ingkang sapunikanipun para Muslimin gentos angundhangaken tuking prajanjian-prajanjian wau. Prakawis angka satunggal ingkang perlu dipun èngeti, inggih punika ayat wau boten mangandikakaken sadaya tiyang ingkang manembah pangéran kathah ing sajagad punika utawi para manembah brahala ing satanah Arab sadaya. Déné ingkang dipun pangandikakaken punika para manembah pangéran kathah ingkang sampun rambah-rambah nerak prajanjianipun tuwin damel pituna ageng dhateng para Muslimin. Awit saking punika para titiyang wau pantes pinejahan utawi kinepang utawi dipun tawan. Pidana punika angsal-angsalanipun ingkang trep pandamelipun ingkang sampun-sampun. Sampun asring sanget para titiyang wau boten sami nuhoni kasagahanipun, milanipun inggih sampun boten perlu dipun pitados malih sarta ing sapunikanipun sampun wancinipun para titiyang wau tampi pidananipun. Éwadéné manawi para titiyang wau purun anggolong dhateng pasadhèrèkan Islam, kawontenanipun lajeng nama sampun éwah, milanipun pidana ingkang pancènipun dados bebahanipun, saged boten dipun dhawahaken. Dados punika prakawis ngapunten tiyang dosa ingkang sampun mratobat saèstu saha dados saé, milanipun ayat wau dipun pungkasi kalayan dhawuh: “Allah iku Aparamarta, Mahaasih.” Perlu ugi dipun pèngeti bilih ingkang

6 Lan manawa ana sawijining wong manembah brahala anjaluk pangayoman ing sira, lah iku sira ayomana, nganti dhèwèké angrungu sabdaning Allah, tumuli tekakna enggon kaslametané; mangkéné iki amarga saka dhèwèké iku wong sing ora weruh.[1035]

وَإِنْ أَحَدٌ مِّنَ الْمُشْرِكِينَ اسْتَجَارَكَ
فَأَجِرْهُ حَتَّىٰ يَسْمَعَ كَلَامَ اللَّهِ ثُمَّ أَبْلِغْهُ
مَأْمَنَهُ ۚ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَّا يَعْلَمُونَ ٦

RUKU' 2

Sababing lebaran

7-11. Para manembah brahala sami medhot tatangsuling prajanjian. 12-16. Nerak prajanjian merambah-rambah perlu dipun pidana.

7 Kapriyé bisané ana prajanjian tumrapé para manembah brahala kalawan Allah sarta kalawan Utusan-É, kajaba tumrapé para kang wis padha aprajanjian kalawan sira ing sacedhaké Masjid Suci? Mulané ing sajroné dhèwèké padha anuhoni (janjiné) marang sira, lah sira padha nuhonana (janjinira) marang dhèwèké; sayekti Allah iku remen marang wong kang padha prayitna (ing wajibé).[1036]

كَيْفَ يَكُونُ لِلْمُشْرِكِينَ عَهْدٌ عِندَ اللَّهِ وَ
عِندَ رَسُولِهِ إِلَّا الَّذِينَ عَاهَدتُّمْ عِندَ
الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ ۖ فَمَا اسْتَقَامُوا لَكُمْ
فَاسْتَقِيمُوا لَهُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُتَّقِينَ ٧

1035. Ayat punika nerangaken kalayan terang lan sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih para manembah brahala lan titiyang sanès Muslimin, punika boten kedah dipun pejahi margi saking agaminipun. Dalasan tuwan Sale nerangaken tegesipun dhawuh punika makaten: "Sira kudu ngrengkuh dhèwèké kalayan slamet supaya padha bisa bali mulih manèh kalawan aman, manawa dhèwèké padha ora gelem ngrasuk agama Islam." Awawaton I'Ab kacariyosaken bilih sasampunipun Bagéndha 'Ali angundhangaken undhang-undhang ingkang kasebut ing ngajeng (mirsanana 1030), satunggaling tiyang manembah brahala nyuwun pirsa dhateng panjenenganipun, punapa para manembah brahala badhé dipun pejahi saupami badhé sowan ing Kanjeng Nabi, perlu badhé ngupados seserepan ing babagan agami Islam utawi badhé miterang prakawis sanès-sanèsipun wangsulanipun Bagéndha 'Ali: boten, minangka watonipun panjenenganipun nyebutaken ayat punika (Rz).

1036. Lah ing ngriki kasebutaken punapa sababipun déné para Muslimin kapeksa sami nguwukaken kawajibanipun netepi prajanjian. Sabab punika, ing ngriki namung kasasmitakaken kalayan anggènipun anyebutaken prakawis ingkang dipun kejawèkaken, nanging ing ayat candhakipun sabab wau dipun terangaken langkung cetha malih. Ing ngriku kadhawuhaken para Muslimin kedah tetep setya dhateng prajanjianipun kaliyan pancer-pancer ingkang ugi setya dhateng prajanjianipun; punika mengku teges bilih kawajiban netepi prajanjian ingkang dipun uwukaken, punika ngemungaken ingkang tumrap kaliyan pancer-pancer ingkang boten setya. Bab punika dipun cethakaken malih déning ayat-ayat candhakipun.

8 Kapriyé (bisané mangkono)! kang mangka, manawa dhèwèké unggula angalahaké sira, ing dalem prakaranira dhèwèké padha ora angélingi tatalining kulawarga tuwin ora angélingi tatalining prajanjian; dhèwèké padha angrenakaké sira kalawan cangkem-cangkemé *ananging* atiné padha angemohi; lan kèh-kèhané dhèwèké iku para murang yekti.

Ar. *lan*

كَيْفَ وَإِنْ يَّظْهَرُوْا عَلَيْكُمْ لَا يَرْقُبُوْا فِيْكُمْ
إِلًّا وَّلَا ذِمَّةً ۗ يُرْضُوْنَكُمْ بِأَفْوَاهِهِمْ وَتَأْبٰى
قُلُوْبُهُمْ ۚ وَأَكْثَرُهُمْ فٰسِقُوْنَ ﴿٨﴾

9 Dhèwèké padha anampani pangaji sathithik ijolé timbalan-timbalaning Allah, mulané padha nyimpang saka dadalan-É; sayekti, ala apa kang padha dilakoni.

اِشْتَرَوْا بِاٰيٰتِ اللّٰهِ ثَمَنًا قَلِيْلًا فَصَدُّوْا عَنْ
سَبِيْلِهٖ ۗ اِنَّهُمْ سَآءَ مَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ﴿٩﴾

10 Ing dalem prakarané wong kang angèstu dhèwèké padha ora angélingi tatalining kulawarga tuwin ora angélingi tatalining prajanjian; lan iki para kang padha mlangkah wates.[1037]

لَا يَرْقُبُوْنَ فِيْ مُؤْمِنٍ اِلًّا وَّلَا ذِمَّةً ۗ وَ
اُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُعْتَدُوْنَ ﴿١٠﴾

11 Ananging manawa dhèwèké padha tobat sarta padha anjumenengaké salat tuwin ambayar zakat, lah iku padha sadulurira ing dalem agama; lan Ingsun amijang-mijangaké timbalan-timbalan tumrap wong kang padha weruh.

فَاِنْ تَابُوْا وَاَقَامُوا الصَّلٰوةَ وَاٰتَوُا الزَّكٰوةَ
فَاِخْوَانُكُمْ فِى الدِّيْنِ ۗ وَنُفَصِّلُ الْاٰيٰتِ
لِقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ﴿١١﴾

12 Lan manawa dhèwèké padha anerak sepatané ing sawisé prajanjiné, sarta padha angala-ala (kalawan ngeblak) ing agamanira, lah padha perangana para pangareping

وَاِنْ نَّكَثُوْٓا اَيْمَانَهُمْ مِّنْۢ بَعْدِ عَهْدِهِمْ
وَطَعَنُوْا فِيْ دِيْنِكُمْ فَقَاتِلُوْٓا اَئِمَّةَ الْكُفْرِ ۙ

1037. Kula aturi mèngeti dhawuh Quran ingkang kadhawuhaken marambah-rambah punika. Tiyang kafir ingkang kénging dipun perangi, punika titiyang kafir, ingkang manawi lalayanan kaliyan para angèstu ingkang kawengku wonten ing panguwaosipun, boten purun ngaosi babar pisan dhateng tatangsuling gotrah lan dhateng kawajiban-kawajiban ingkang kasebut wonten ing prajanjian bedhamèn. Boten wonten usada sanèsipun malih kanggé ambirat wisunanipun para titiyang wau ingkang mureng wonten ing lebet, kajawi namung sarana ambadharaken prajanjian-prajanjian tuwin ambrastha sadaya wisunanipun.

kakafiran – sayekti, sepatané iku dudu barang-barang – supaya dhèwèké padha marènana.[1038]

إِنَّهُمْ لَآ أَيْمَٰنَ لَهُمْ لَعَلَّهُمْ يَنتَهُونَ ﴿١٢﴾

13 Apa! apa sira ora bakal padha merangi wong-wong kang padha anerak sepatané sarta padha angrantam anundhung Utusan tuwin padha amiwiti nyerang sira dhisik; apa ta sira padha wedi marang dhèwèké? Ananging Allah iku, luwih bener yèn sira padha wedia ing Panjenenganè, manawa sira iku padha wong angèstu.

أَلَا تُقَٰتِلُونَ قَوْمًا نَّكَثُوٓا أَيْمَٰنَهُمْ وَهَمُّوا بِإِخْرَاجِ ٱلرَّسُولِ وَهُم بَدَءُوكُمْ أَوَّلَ مَرَّةٍ ۚ أَتَخْشَوْنَهُمْ ۚ فَٱللَّهُ أَحَقُّ أَن تَخْشَوْهُ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿١٣﴾

14 Padha merangana dhèwèké; Allah bakal aniksa dhèwèké kalawan tangan-tanganira sarta bakal angasoraké dhèwèké tuwin amitulungi sira ngalawan dhèwèké, apa déné bakal *anglipur atiné* para wong angèstu.

Ar. *amarasaké dhadha*

قَٰتِلُوهُمْ يُعَذِّبْهُمُ ٱللَّهُ بِأَيْدِيكُمْ وَيُخْزِهِمْ وَيَنصُرْكُمْ عَلَيْهِمْ وَيَشْفِ صُدُورَ قَوْمٍ مُّؤْمِنِينَ ﴿١٤﴾

15 Sarta bakal angilangi pamuringing ati-atiné,[1039] sarta Allah bakal bali (wilasané) marang sapa kang dadi kapareng-É, lan Allah iku Angudanèni, Wicaksana.

وَيُذْهِبْ غَيْظَ قُلُوبِهِمْ ۗ وَيَتُوبُ ٱللَّهُ عَلَىٰ مَن يَشَآءُ ۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿١٥﴾

16 Apa ta sira padha angira manawa sira bakal padha ditogaké baé, kang mangka Allah durung

أَمْ حَسِبْتُمْ أَن تُتْرَكُوا وَلَمَّا يَعْلَمِ ٱللَّهُ

1038. Malih, dipun pèngetana bilih para panuntuning kakafiran ingkang kedah dipun perangi, punika para ingkang sami *anerak sepatané ing sawisé prajanjiné*; malah langkung saking punika, inggih punika ingkang *kalayan ngeblak ngawon-awon agami* Islam. Dalasan ing antawisipun para titiyang wau pisan, namung para panuntunipun kémawon ingkang tartamtu dipun pidana wonten ing paprangan. Bab prakawis punika sampun terang gamblang, mila manawi meksa taksih wonten tiyang ingkang gadhah panginten bilih dhawuh punika mengku suraos Quran nuntun dhateng para kafir: "pedhang apa Islam," punika lajeng angèl anggènipun mastani tiyang wau, punapa margi boten tulus, punapa margi cupet budinipun déné gadhah panginten makaten wau.

1039. Kacariyos bilih ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika para titiyang Khuza'ah, inggih punika ingkang margi saking anggènipun dados tiyang Islam, sami nandhang rekaos ingkang sakalangkung sanget wonten ing tanganipun titiyang Bani Bakr ingkang kabiyantu déning titiyang Quraisy. Nanging ugi saged kasuraos bilih ingkang dipun karsakaké ing dhawuh punika para Muslimin umurnipun, ingkang sami nandhang panganiaya ingkang sakalangkung sanget wonten ing tanganipun para kafir. Pamuringing manah, punika terang sabab saking kinaniaya; dados manawi para-nganiaya dhinawahan siksa pamungkas, mesthi kémawon badhé ngènthèngaken manahipun.

anguningani golonganira kang padha anderpati sarta padha ora ngalap mitra dharma saliyané Allah lan Utusan-É tuwin para angèstu; lan Allah iku waspada marang apa kang padha sira lakoni.

الَّذِيْنَ جٰهَدُوْا مِنْكُمْ وَلَمْ يَتَّخِذُوْا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَلَا رَسُوْلِهٖ وَلَا الْمُؤْمِنِيْنَ وَلِيْجَةً ؕ وَاللّٰهُ خَبِيْرٌ ۢبِمَا تَعْمَلُوْنَ ﴿١٦﴾

RUKU' 3

Pangakenipun para manembah brahala anggadhahi wewenang alalados ing Padaleman Suci

17, 18. Para manembah brahala boten saged dados palados ing Masjid Suci. 19-22. Lalados dhateng Padaleman Suci punika boten kénging dipun samèkaken kaliyan panyrempeng anggelaraken kasunyatan. 23, 24. Pangurbananipun para Muslimin niku kedah.

Ut. *ambangun*

17 Para manembah brahala ora wenang yèn *anekanana* masjid-masjiding Allah, kalawan angedhèngaké awaké yen kafir; iki para kang panggawé-panggawéné padha muspra,[a] lan ana ing geni anggoné bakal padha manggon.[1040]

a. 403

مَا كَانَ لِلْمُشْرِكِيْنَ اَنْ يَّعْمُرُوْا مَسٰجِدَ اللّٰهِ شٰهِدِيْنَ عَلٰٓى اَنْفُسِهِمْ بِالْكُفْرِ ؕ اُولٰٓئِكَ حَبِطَتْ اَعْمَالُهُمْ ۚۖ وَفِي النَّارِ هُمْ خٰلِدُوْنَ ﴿١٧﴾

18 Kang anekani masjid-masjiding Allah iku mung sapa kang angèstu ing Allah lan dina akhir sarta anjumenengaké salat tuwin ambayar zakat, apa déné ora wedi sapa-sapa kajaba Allah; mulané manawa-manawa, iki bakal padha dadi golongané wong kang padha manut ing dalan kang bener.

اِنَّمَا يَعْمُرُ مَسٰجِدَ اللّٰهِ مَنْ اٰمَنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ وَاَقَامَ الصَّلٰوةَ وَاٰتَى الزَّكٰوةَ وَلَمْ يَخْشَ اِلَّا اللّٰهَ فَعَسٰٓى اُولٰٓئِكَ اَنْ يَّكُوْنُوْا مِنَ الْمُهْتَدِيْنَ ﴿١٨﴾

1040. *Masjid-masjiding Allah* punika tartamtu ateges Masjid Suci ing Makkah, margi punika punjering sadaya masjid ing sajagad. Bab punika terang katitik saking anggènipun ayat 19 ngagem tembung *Masjid Suci*, boten mawi tembung *masjid-masjid Allah*. Masjid Suci punika sampun dangu anggènipun wonten ing tanganipun para manembah brahala, dipun dunungi, dipun jiyarahi, dipun dandosi karisakanipun lan dipun adegi brahala pinten-pinten. Nalika bedhahipun nagari Makkah, sadaya brahala kasingkiraken saking Masjid Suci, sarta sapunikanipun lajeng dados tetengering tauhid, kados déné nalika jamanipun Kanjeng Nabi Ibrahim, babar pisan sampun boten wonten malih kakantunanipun panembah-brahala. Awit saking punika, ing sapunika para manembah brahala wau sampun boten magepokan punapa-punapa malih kaliyan Masjid Suci wau, amargi piyambakipun sampun boten nyunyuwun pitulung malih dhateng brahala-brahalanipun wonten ing Masjid Suci. Sarta rèhning panembah brahala sampun kasirnakaken, mila sasambetanipun para manembah brahala wau kaliyan Masjid Suci, inggih pethal babar pisan, sadangunipun para manembah brahala wau sami *angedhèngaké awaké yèn kafir*, inggih punika manawi lastantun dados tiyang manembah brahala.

19 Apa (wong kang) awèh ngombé para kang anindakaké haji sarta anjaga Masjid Suci[1041] sira anggep padha kaya wong sing angèstu ing Allah lan dina akhir sarta *anderpati* ing dadalaning Allah? iku ora padha mungguhing Allah; lan Allah iku ora nuntun marang wong kang padha atindak dudu.

Ut. *nyarempeng*

أَجَعَلْتُمْ سِقَايَةَ الْحَاجِّ وَعِمَارَةَ الْمَسْجِدِ
الْحَرَامِ كَمَنْ آمَنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ
وَجٰهَدَ فِي سَبِيلِ اللّٰهِ ۚ لَا يَسْتَوُونَ عِنْدَ
اللّٰهِ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظّٰلِمِينَ ﴿١٩﴾

20 Para kang padha angèstu sarta padha ngili atinggal (balé omahé) apa déné *anderpati* ing dadalaning Allah kalawan bandhané lan nyawané, iku luwih gedhé darajaté mungguhing Allah; lan iki para kang padha katekan (sedyané).

Ut. *nyarempeng*

اَلَّذِينَ آمَنُوا وَهَاجَرُوا وَجٰهَدُوا فِي
سَبِيلِ اللّٰهِ بِأَمْوَالِهِمْ وَأَنْفُسِهِمْ ۙ أَعْظَمُ
دَرَجَةً عِنْدَ اللّٰهِ ۚ وَأُولٰٓئِكَ هُمُ الْفَآئِزُونَ ﴿٢٠﴾

21 Pangérané amartani becik kalawan wilasa saka Panjenengané sarta pirena tuwin patamanan, kang ana ing kana bakal padha olèh nugraha kang tetep lestari;

يُبَشِّرُهُمْ رَبُّهُمْ بِرَحْمَةٍ مِنْهُ وَرِضْوَانٍ
وَجَنّٰتٍ لَهُمْ فِيهَا نَعِيمٌ مُقِيمٌ ﴿٢١﴾

22 Padha manggon ing kono salawasé; sayekti Allah iku kang kagungan ganjaran kang agung.

خٰلِدِينَ فِيهَا أَبَدًا ۗ إِنَّ اللّٰهَ عِنْدَهُ
أَجْرٌ عَظِيمٌ ﴿٢٢﴾

23 É, sira kang padha angèstu, aja sira padha angalap pangayoman para bapanira lan para sadulurira, manawa dhèwèké padha luwih dhemen kakafiran tinimbang iman; lan sapa golonganira sing angalap pangayoman dhèwèké lah iku wong kang padha atindak dudu.

يٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَتَّخِذُوٓا آبَآءَكُمْ
وَإِخْوَانَكُمْ أَوْلِيَآءَ إِنِ اسْتَحَبُّوا الْكُفْرَ
عَلَى الْإِيمَانِ ۚ وَمَنْ يَتَوَلَّهُمْ مِنْكُمْ
فَأُولٰٓئِكَ هُمُ الظّٰلِمُونَ ﴿٢٣﴾

1041. Limrahipun dhawuh punika kasuraos mangandikakaken Bagéndha ‘Abbas, ingkang paman Kanjeng Nabi, ingkang tinanggenah suka ombèn dhateng para ingkang ziyarah haji tuwin rumeksa Masjid Suci. Nanging menggah ing sajatos-jatosipun ingkang katandhing punika pandamel saé ingkang rèmèh-rèmèh kadosta dadana tuwin mitulungi tiyang kathah bangsanipun ingkang kados makaten wau, dipun tandhing kaliyan kawajiban ageng nyarempeng ing sakiyat-kiyatipun anjumenengaken yakti, ingkang kedah katindakaken déning sok tiyanga.

24 Calathua: Manawa bapak-bapakira lan anak-anakira lanang lan sadulur-sadulurira lan rabi-rabinira lan kulawarganira sarta bandha-bandhanira olèhira angupajiwa, tuwin dagangan kang sira kuwatiraké bubruké apa déné omah-omah kang nyenengaké sira, iku luwih tinresnan marang sira tinimbang Allah lan Utusan-É tuwin *anderpati* ing dadalan-É, lah padha sira ngentènana nganti Allah anekakaké paréntah-É; lan Allah iku ora nuntun wong-wong kang murang yekti.[1042]

Ut. *nyarempeng*

قُلْ إِنْ كَانَ آبَاؤُكُمْ وَأَبْنَاؤُكُمْ وَإِخْوَانُكُمْ
وَأَزْوَاجُكُمْ وَعَشِيرَتُكُمْ وَأَمْوَالٌ اقْتَرَفْتُمُوهَا
وَتِجَارَةٌ تَخْشَوْنَ كَسَادَهَا وَمَسَاكِنُ تَرْضَوْنَهَا
أَحَبَّ إِلَيْكُمْ مِنَ اللَّهِ وَرَسُولِهِ وَجِهَادٍ فِي
سَبِيلِهِ فَتَرَبَّصُوا حَتَّىٰ يَأْتِيَ اللَّهُ بِأَمْرِهِ ۗ
وَاللَّهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْفَاسِقِينَ ﴿٢٤﴾

RUKU' 4

Prakawisipun Islam badhé unggul

25-27. Kamenangan ing dinten perang ing Hunain. 28. Para manembah brahala dipun aweri lumebet Padaleman Suci.29. Perang lumawan pandhèrèkipun Kitab.

25 Sayekti temen Allah wus mitulungi sira ing paprangan sapirang-pirang sarta ing dinané Hunain, nalika kèhing cacahira andadèkaké kumalungkungira nanging ora migunani apa-apa marang sira, sarta bumi dadi rupek ingatasé sira, sanajan ta jembar; tumuli sira padha ambalik mundur.[1043]

لَقَدْ نَصَرَكُمُ اللَّهُ فِي مَوَاطِنَ كَثِيرَةٍ ۙ وَيَوْمَ
حُنَيْنٍ ۙ إِذْ أَعْجَبَتْكُمْ كَثْرَتُكُمْ فَلَمْ تُغْنِ
عَنْكُمْ شَيْئًا وَضَاقَتْ عَلَيْكُمُ الْأَرْضُ بِمَا
رَحُبَتْ ثُمَّ وَلَّيْتُمْ مُدْبِرِينَ ﴿٢٥﴾

1042. Tiyang Muslim sajati kéngang-kénging kémawon simpen bandha, kénging among dagang, kénging gadhah griya ingkang ageng, nanging punika sadaya kedah boten dipun tresnani sanget-sanget ngungkuli tresnanipun dhateng Allah lan nyarempeng wonten ing margi-Nipun. Manawi katembungaken sanès, kénging dipun tembungaken: piyambakipun kedah semadhiya ngurbanaken punika sadaya kanggé kaperluanipun ngasanès, ingkang manawi dipun timbang, sadaya wau prasasat atanpa aji. Bédanipun ingkang enggel piwulangipun Injil kaliyan piwulangipun Quran Suci, inggih punika manawi manut piwulangipun Injil, bandha lan ngupados bandha kathah punika dipun awisi babar pisan, nanging manawi manut piwulangipun Quran Suci, tiyang boten kedah nyingkur kasugihan, nanging inggih sampun ngantos katliweng wonten ing bandha ngantos nglirwakaken kawajiban-kawajibanipun ingkang langkung luhur saha lirwa dhateng tanggel-jawabipun. Ngupados bandha, punika boten wonten awonipun, janji boten dipun anggé tujuning gesang ingkang angka satunggal. Kedahipun ngupados bandha punika kadunungna wonten ing papanipun ingkang leres, inggih punika kanggé sarana anggayuh baku-bakuning sedya.

1043. Déning wontenipun bayawara lebaran, boten nama anèh manawi manahipun para Muslimin katuwuhan kuwatos, bokbilih para pancer manembah-brahala sapunika lajeng sami sekuthon saékapraya

26 Tumuli Allah anurunaké katentreman-É marang Utusan-É lan marang para angèstu, sarta anurunaké wadyabala kang sira ora weruh lan aniksa para kang padha kafir, lan ya iku piwalesing para kafir.[1044]

ثُمَّ أَنْزَلَ اللّٰهُ سَكِيْنَتَهٗ عَلٰى رَسُوْلِهٖ وَعَلَى
الْمُؤْمِنِيْنَ وَاَنْزَلَ جُنُوْدًا لَّمْ تَرَوْهَا وَعَذَّبَ
الَّذِيْنَ كَفَرُوْا ۗ وَذٰلِكَ جَزَاۤءُ الْكٰفِرِيْنَ ﴿٢٦﴾

27 Tumuli Allah bakal bali (wilasané) ing sawisé iku marang sapa kang dadi kaparenging karsa-Né, lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[1045]

ثُمَّ يَتُوْبُ اللّٰهُ مِنْۢ بَعْدِ ذٰلِكَ عَلٰى مَنْ
يَّشَاۤءُ ۗ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٢٧﴾

28 É, sira kang padha angèstu, para manembah brahala iku lugu jember[1046] mulané sapungkuré *taun* iki aja padha cedhak-cedhak Masjid Suci;[1047] lan manawa sira padha kuwatir kamlaratan, lah Allah bakal anyugihaké sira saka lubèring paparingé, manawa dadi

Ar. *tauné*

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنَّمَا الْمُشْرِكُوْنَ
نَجَسٌ فَلَا يَقْرَبُوا الْمَسْجِدَ الْحَرَامَ
بَعْدَ عَامِهِمْ هٰذَا ۚ وَاِنْ خِفْتُمْ عَيْلَةً
فَسَوْفَ يُغْنِيْكُمُ اللّٰهُ مِنْ فَضْلِهٖٓ اِنْ شَاۤءَ ۗ

mengsahi para Muslimin. Awit saking punika para angèstu kaparingan dhawuh katemtuan, bilih pitulunging Pangéran mesthi badhé dipun paringaken, boten prabéda lan ingkang dipun alami ing wekdal ingkang sampun-sampun.

Perang Hunain punika kelampahan nalika taun Hijrah ingkang kaping wolu, wonten ing jurang Hunain, watawis tigang mil saking Makkah. Perang Hunain punika béda kaliyan perang sanès-sanèsipun, jalaran ing ngriki punika para Muslimin menang kathah cacahing wadyabalanipun katimbang lan cacah jiwaning mengsah, amargi pancer Hawazin tuwin Tsaqif namung wonten watawis 4000 jiwa, mangka wadyabalanipun kaum Muslimin kacariyos wonten sadasa èwu utawi ngantos kalihwelas èwu jiwa. Anggènipun menang kathah wadyanipun wau lajeng murugaken para Muslimin sami kumlungkung, temahan ing babakan ingkang sapisan para Muslimin katitih perangipun. Prajurit pamanahipun fihak mengsah sakalangkung wasis ulah jemparing, ngantos para Muslimin boten kewawa nyangga pamukipun. Nanging Kanjeng Nabi lajeng nempuh, ing sakawit ijèn, dados lésaning panahipun wadya sikep jemparing, nanging boten dangu ginarubyug déning para Muslimin. Ing wasana titiyang Muslimin angsal kamenangan, kados déné ingkang kapangandikakaken ing ayat candhakipun.

1044. *Wadyabala kang sira ora weruh*, punika tegesipun para malaikat (Rz). Punika ngiyataken punapa ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing surat ingkang kaping 3 saha kaping 8, bab tumuruning malaikat perlu nyantosakaken manahipun para Muslimin saha andhawahaken raos giris wonten ing manahipun mengsah. Milanipun para malaikat wau katembungaken *wadyabala kang sira ora weruh*, jalaran para malaikat wau sami rinaos wonten ing dalem manah, nanging boten katingal ing mripat.

1045. Saged ugi ingkang dipun karsakaken punika para tiyang tawanan perang saking pancer Hawazin, èwon kathahipun, nanging ingkang lajeng dipun mardikakaken sadaya déning Kanjeng Nabi minangka sih palimirma.

1046. Jalaran para titiyang wau sami karem nindakaken tatacara awon tuwin ngubengi Ka'bah kalayan wuda. Mirsanana 5: 90, ing ngriku kadhawuhaken brahala-brahala punika jember.

1047. Taun, nalika dhawuh punika kabayawarakaken, inggih punika taun Hijrah ingkang kaping sanga.

kaparenging karsa-Né; sayekti Allah iku Angudanéni, Wicaksana.[1048]

إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ۝٢٨

Ar. *lan ora*

29 Padha peranga lumawan para kang padha ora angèstu ing Allah *lan* ing dina akhir sarta ora padha anglarangi apa kang dilarangi déning Allah lan Utusan-É, apa déné padha ora manut agama sanyata, yaiku éwoné para kang padha kaparingan Kitab, nganti dhèwèké padha ambayar pajeg, dumunung angakoni kang kinawasa tuwin dhèwèké (angrumasani) tundhuké.[1049]

قَاتِلُوا الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَلَا
بِالْيَوْمِ الْآخِرِ وَلَا يُحَرِّمُونَ مَا حَرَّمَ
اللَّهُ وَرَسُولُهُ وَلَا يَدِينُونَ دِينَ الْحَقِّ
مِنَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ حَتَّىٰ يُعْطُوا
الْجِزْيَةَ عَن يَدٍ وَهُمْ صَاغِرُونَ ۝٢٩

1048. Kitha Makkah punika punjering dadagangan ingkang wigatos, saben mangsa haji saindhenging tanah Arab dhateng ing ngriku, sami dadagangan. Awisan ingkang kasebutaken ing péranganipun ingkang sapisan ayat punika, kalayan gampil sampun saged kasumerepan langkung rumiyin mesthi badhé andayani lampahing dadagangan, ingkang temahanipun badhé nyudakaken karaharjanipun kitha Makkah. Nanging prakawis kadonyan utawi prakawis dadagangan punika kedah boten angganggu damel tumindakipun pambangunan Islam ingkang ngengingi budipakerti. Sudaning karaharjanipun kitha Makkah. ingkang sapunika mligi sampun kadarbé ing para Muslimin, kedah boten kaanggep dados pakèwed déning para Muslimin, jalaran "Gusti Allah mesthi badhé nyugihaken piyambakipun saking lubering paparing-Ipun."

1049. Sasampunipun dhawuh ingkang mangandikakaken bab prakawis peperangan kaliyan para manembah brahala ing tanah Arab dipun wekasi, ayat punika gentos ngunculaken rembag bab prakawis peperangan kaliyan titiyang Ahli Kitab (para pandhèrèking Kitab). Titiyang Yahudi punika sampun dangu anggènipun mitulungi para manembah brahala Arab badhé nyirnakaken agami Islam; nanging Kerajan Nasrani Rum ingkang sakalangkung kiyat punika saweg kémawon anggènipun ngerig wadyabalanipun badhé kanggé nelukaken agami Islam, mila lajeng kalampahan wonten angkatan wadyabala dhateng Tabuk, ingkang dados rembag wonten ing sabagéan ageng dhawuh candhakipun punika, ing surat punika ugi. Rèhning sedyanipun kerajan Nasrani wau namung badhé nelukaken para Muslimin, milanipun dhawuh ingkang mangandikakaken anggènipun ing wasananipun dipun kawonaken déning para Muslimin, punika béda kaliyan dhawuh ingkang mangandikakaken bab kawonipun ingkang wekasan para manembah brahala Arab. Quran boten ngarsakaken para musyrik wau samia rinudapeksa ngrasuk agami Islam, sarta inggih sanès maksudipun Quran badhé nelukaken para titiyang Nasrani. Malah kosokwangsulipun, piyambakipun punika ingkang niyat badhé ngrudapeksa titiyang Muslimin supados ambucal agaminipun Islam lan nelukaken titiyang Muslimin. Awit saking punika pepesthèn ingkang sinandhang déning satunggal-tunggaling golongan wau, laras kaliyan punapa ingkang manut sedyanipun badhé katindakaken dhateng titiyang Muslimin. Tembung *jizyah*, punika asli saking tembung *jazâ* ingkang ateges: *nyukani pamarem*. Miturut LL *Jizyah* punika ateges: *paos ingkang kapupu saking tiyang mardika ingkang boten nganggé agami Islam ingkang sami ngaup dhateng Paréntah Islam, ingkang mangka kanggé angiyataken prajanjian tanggel angayomi dhateng piyambakipun;* utawi manawi miturut Sudi (AH), *margi jizyah punika tetempuh anggènipun kareksa lan katanggel kawilujenganipun, jalaran titiyang sanès Muslimin punika boten sami kakéngingaken ing wajib tumut perang*. Ukara عَنْ يَّدٍ punika kénging dipun werdèni warni-warni. Tembung *yad* (ingkang walakanipun ateges *tangan*), punika ateges *kakiyatan utawi panguwaos* utawi *kaluhuran*, jalaran tukipun ingkang sajati kaluhuranipun manusa ngungkuli kéwan sanès-sanèsipun sadaya, punika

RUKU’ 5

Para Yahudi tuwin Nasrani dhumawah tebih saking kasunyatan

30, 31. Piandel kakafiran cecepenganipun para Yahudi tuwin Nasrani. 32, 33. Pambudidayanipun lumawan dateng Islam dhumawah ing cabar tanpa dados. 34, 35. Remenipun ing kadonyan para ngulamanipun sarta pandhitanipun. 36, 37. Éwah-éwah ing dalem wulan suci (saking dayanipun Yahudi) dipun jugaraken.

وَقَالَتِ الْيَهُودُ عُزَيْرٌ ابْنُ اللَّهِ وَقَالَتِ
النَّصَارَى الْمَسِيحُ ابْنُ اللَّهِ ۖ ذَٰلِكَ قَوْلُهُم
بِأَفْوَاهِهِمْ ۖ يُضَاهِئُونَ قَوْلَ الَّذِينَ كَفَرُوا
مِن قَبْلُ ۚ قَاتَلَهُمُ اللَّهُ ۚ أَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ۝

30 Lan para Yahudi padha calathu: ‘Uzair iku putraning Allah; lan para Nasrani padha calathu: Masih iku putraning Allah. Iki pangucapé kalawan cangkem-cangkemé; dhèwèké padha aniru pangucapé para kang padha kafir ing sadurungé;[1050] *Allah anglebur* dhèwèké; kapriyé déné padha maléngos![1051]

Ut. *muga Allah ambendoni*

margi manusa makaten saged migunakaken *tanganipun*. Dados tegesipun ingkang cetha, ukara wau mengku suraos: *dumunung ngakoni kaluhuranira anggonira rumeksa ing kaslamatané uripé, lan sapapadhané.* Panyuraos sanèsipun: *awujud dhuwit minangka liliruné kabecikan kang wis ditampa, kalayan pamanut miturut, saterusé* (AH). Ing ngriki katerangaken, bilih sadangunipun para pandhèrèking Kitab punika boten sami manut agami ingkang yakti, inggih punika agami Islam, para titiyang wau nama boten angèstu ing Allah tuwin ing dinten akhir. Mila makaten jalaran para titiyang wau nama boten sami numrapaken dhateng Allah sifat-sifat ingkang sampurna kagungan-Ipun, lan boten mangertos kawontenanipun ingkang sajati gesang sasampunipun pejah. Prayogi dipun wewahi katerangan pisan bilih idin perang ingkang kaparingaken dhateng para Muslimin, punika kagantungan ing janji, manawi mengsah nganggé dadamelipun langkung rumiyin. *Padha peranga ing dadalaning Allah karo para kang merangi sira* (2: 190). Kanjeng Nabi boten naté nerak wates punika. Panjenenganipun perang kaliyan titiyang Arab, nalika para titiyang wau sami nganggé dadamelipun kanggé numpes para Muslimin; sarta panjenenganipun ngirid wadyabala badhé kagem nglawan titiyang Nasrani, nalika Karajan Rum nglempakaken wadyabalanipun langkung rumiyin, kalayan sedya badhé nelukaken para Muslimin. Panjenenganipun sakalangkung ngatos-atos sampun ngantos nama ngrumiyini, milanipun sareng panjenenganipun nguningani bilih mengsah dèrèng siyaga merangi, panjenenganipun boten karsa nyerang Karajan Rum, lan lajeng wangsul kondur kalayan tanpa perang.

1050. Para ahli babad Muslimin sami nerangaken wontenipun *firqah* (golongan) ing antawisipun bangsa Yahudi ingkang mulyakaken Nabi ‘Uzair ngantos dumugi pangkat kapangéranan, utawi putranipun Allah. Qasthalani nerangaken wonten ing Kitabu-n-Nikah, bilih wonten sagolonganing titiyang Yahudi ingkang gadhah pangandel makaten punika. Titiyang Yahudi inggih boten nyélaki. Kitab Quran anggènipun nyebutaken bab prakawis wau inggih namung wonten ing dhawuh ngriki punika, inggih punika gagandhèngan kaliyan rembag bab pangandelipun agami Nasrani. Ing surat-surat ingkang rumiyin-rumiyin, nalika Quran ambantah titiyang Yahudi, boten naté nglepataken bangsa Yahudi kalayan ceplos; punika nedahaken bilih bangsa Yahudi sagemblengipun boten kalepatan anggadhahi pangandel punika. Wonten kateranganipun sanès malih, inggih punika tembung putra punika kanggénipun jembar sanget. Ing panggènan sanès Quran mangandikakaken titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani sami mastani awakipun piyambak punika sami putraning Allah saha kakasih-Ipun (5: 18). Punika namung mengku teges, para titiyang wau sami nganggep bilih piyambakipun punika tiyang ingkang dipun sihi piyambak déning Pangéran. Dados pangandel ingkang tumrap dhateng Nabi ‘Uzair, punika ugi saged dipun suraos makaten wau, awit wonten bukti ingkang terang, ingkang anedahaken

1051. *Mirsanana kaca candhakipun.*

31 Dhèwèké padha angalap para winasisé lan marang para pandhitané minangka pangéran saliyané Allah lan (mangkono manèh) Masih anak lanangé Maryam; lan dhèwèké ora liya kajaba padha diparéntahi angabdi ing Sesembahan Kang Sawiji, ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; Mahasuci Panjenengané saka barang kang disakuthokaké (karo Panjenengané)![1052]

اِتَّخَذُوْٓا اَحْبَارَهُمْ وَرُهْبَانَهُمْ اَرْبَابًا مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَالْمَسِيْحَ ابْنَ مَرْيَمَۚ وَمَآ اُمِرُوْٓا اِلَّا لِيَعْبُدُوْٓا اِلٰهًا وَّاحِدًاۚ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَۗ سُبْحٰنَهٗ عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ﴿٣١﴾

32 Dhèwèké padha arep nyirep papadhanging Allah kalawan cangkem-cangkemé, ananging Allah ora marengaké, kajaba malah arsa nyampurnakaké papadhang-É, sanajan para kafir padha gething.[1053]

يُرِيْدُوْنَ اَنْ يُّطْفِـُٔوْا نُوْرَ اللّٰهِ بِاَفْوَاهِهِمْ وَيَأْبَى اللّٰهُ اِلَّآ اَنْ يُّتِمَّ نُوْرَهٗ وَلَوْ كَرِهَ الْكٰفِرُوْنَ ﴿٣٢﴾

---

bilih para ngulami Yahudi (Talmudist) punika manawi nerangaken bab prakawis Nabi ‘Uzair mesthi mawi tetembungan ingkang dipun langkung-langkungi sanget. Ing antawisipun nabi-nabi Bani Israil, Nabi ‘Uzair punika angsal pangaji-aji ingkang mligi. Ing kitab-kitabipun para ngulami Yahudi, Nabi ‘Uzair punika kaanggep “pantes ngampil angger-angger, saupami botena sampun kalajeng kaparingaken lumantar Kanjeng Nabi Musa.” “Panjenenganipun punika kaanggep lan katurut pangandikanipun, margi panjenenganipun punika kaanggep tiyang ingkang sakalangkung mumpuni lan putus dhateng salwiring angger-angger Yahudi. Kathah yayasan ingkang wigatos-wigatos kacariyosaken déning para pandhita Yahudi magepokan kaliyan asmanipun Nabi ‘Uzair wau” (*Yewish Encyclopaedia*).

1051. Tembung قاتلهم الله punika déning sawenèh ngulami dipun tegesi لعنهم الله inggih punika tembung pengajab-awon ingkang mengku teges *muga Allah ambendoni dhèwèké*. Nanging Rgh gadhah pamanggih bilih ingkang langkung leres tembung wau ateges قتلهم الله, tegesipun *Allah wis matèni utawi nglebur dhèwèké*. Panjenenganipun ngandika bilih sanajan tembung *qâtala* punika manut rimbag *fâ’ala*, éwadéné rèhning punika tumrap Pangéran, mila tembung wau namung ateges *qatala*. Déné ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika saged ugi wigatos anerangaken nasib ingkang kasandhang déning para umat ingkang sampun-sampun, inggih punika umat ingkang sampun sami kalebur; utawi saged ugi dhawuh wau mengku piweca.

1052. Para mufassirin ingkang kathah-kathah sami sarujuk amastani bilih dhawuh punika boten ateges bilih para titiyang wau sami nganggep pangéran saèstu dhateng ngulami-ngulaminipun tuwin pandhita-pandhitanipun. Déné tegesipun, para titiyang wau sami nurat-nurut thok manawi dipun paréntah lan dipun cegah déning para ngulami lan para pandhitanipun wau (Rz), milanipun para titiyang wau lajeng dipun namakaken nganggep pangéran dhateng piyambakipun, jalaran para titiyang wau nama mundhi-mundhi dhateng piyambakipun kalayan pangaji-aji ingkang mesthinipun namung kedah katumrapaken dhateng Allah piyambak. Titiyang Muslimin ingkang tiru-tiru kados makaten wau dhateng kyai-kyainipun utawi dhateng pir-piripun (tiyang sinucinipun) punika inggih nama nglampahi kalepatan kados para titiyang ingkang kasebutaken ing dhawuh punika.

1053. Punika piweca badhé menangipun ingkang wekasan tatales-tatalesipun agami Islam, sanajan dipun pilawani ingkang sakalangkung sanget déning para Yahudi tuwin para Nasrani. Titiyang Yahudi sampun dangu anggènipun kèndel boten milawani, nanging titiyang Nasrani saya dangu saya sanget anggènipun milawani. Jagad saking sakedhik purun nganggé tatales-tatalesipun agami Islam, punika dados pratandha ingkang pratéla kaleksananipun saèstu piweca punika.

33 Panjenengané iku kang wus angutus Utusan-É kalawan tuntunan sarta agama sanyata, supaya Panjenengané anglindhihaké iki marang agama sakabèhé, sanajan para manembah brahala padha gething.[1054]

هُوَ الَّذِيْٓ اَرْسَلَ رَسُوْلَهٗ بِالْهُدٰى وَ
دِيْنِ الْحَقِّ لِيُظْهِرَهٗ عَلَى الدِّيْنِ كُلِّهٖ ۙ
وَلَوْ كَرِهَ الْمُشْرِكُوْنَ ﴿۳۳﴾

34 É, sira para kang padha angèstu, sayekti akèh-akèhé para winasis sarta para pandhita mau temen padha mangan bandhané wong-wong kalawan ora bener sarta padha anyimpangaké (dhèwèké saka dadalaning Allah) lan para kang padha anumpuk emas lan salaka sarta ora ditanjakaké ing dadalaning Allah, lah padha sira bubungaha kalawan siksa kang nglarani.[1055]

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنَّ كَثِيْرًا مِّنَ الْاَحْبَارِ
وَالرُّهْبَانِ لَيَاْكُلُوْنَ اَمْوَالَ النَّاسِ
بِالْبَاطِلِ وَيَصُدُّوْنَ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ؕ
وَالَّذِيْنَ يَكْنِزُوْنَ الذَّهَبَ وَالْفِضَّةَ
وَلَا يُنْفِقُوْنَهَا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۙ فَبَشِّرْهُمْ
بِعَذَابٍ اَلِيْمٍ ﴿۳۴﴾

35 Ing dinané manawa iku diobong ana ing genining naraka, banjur bathuk-bathuké lan lambung-lambungé sarta geger-gegeré diecos nganggo iku: Iki apa kang sira tumpuk kanggo awakmu dhéwé, mulané padha rasakna apa kang wus padha sira tumpuk.[1056]

يَّوْمَ يُحْمٰى عَلَيْهَا فِيْ نَارِ جَهَنَّمَ فَتُكْوٰى
بِهَا جِبَاهُهُمْ وَجُنُوْبُهُمْ وَظُهُوْرُهُمْ ؕ
هٰذَا مَا كَنَزْتُمْ لِاَنْفُسِكُمْ فَذُوْقُوْا
مَا كُنْتُمْ تَكْنِزُوْنَ ﴿۳۵﴾

1054. Kamenanganipun pulitik ing sawatatis wekdal pandhèrèkipun satunggaling agami, menang kaliyan pandhèrèking agami sanès, punika boten lajeng ateges kamenanganipun agami wau. Suprandéné sawenèh tiyang Nasrani wonten ingkang mamèraken kaluhuraning agaminipun, mawi bukti saking kamenangan pulitikipun bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani. Anggènipun jagad saumurnipun saking sakedhik purun nganggé tatales-tatalesipun agami Islam punika ingkang ambuktèkaken ing kalampahanipun saèstu piweca punika. Jaman rawuhipun Masih tuwin Mahdi, punika kaanggep jaman kamenanganipun tatales-tatalesipun agami Islam (Rz). Bangsa-bangsa Nasrani ingkang sampun majeng ing jaman sapunika, purun nganggé tatales-tatalesipun Islam, nadyan dhateng agami Islam piyambak bangsa-bangsa wau sami dèrèng ngajengi; lah punika terang anedahaken bilih jaman wau sampun wiwit tumapak. Piwulang bab panebusing dosa, tuwin piwulang bab Kapangéranan-ipun Kanjeng Nabi 'Isa, sampun wiwit badhé pejah. Tauhid, angèstu ing Allah ingkang Mahatunggal, saya dangu saya majeng, makaten ugi tatales-tatalesipun agami Islam sanès-sanèsipun, saya dangu inggih saya majeng.

1055. Ngupados kasugihan punika boten dipun awisi, nanging ngumpuk-umpuk bandha, boten purun nanjakaken punika kanggé kaperluaning yakti tuwin kanggé kaperluaning karahayonipun manusa, punika dipun lepataken. Bangsa-bangsa ingkang remen ngempalaken bandha, namung dipun umpuk-umpuk, boten purun nanjakaken kanggé kaperluaning karahayonipun manusa, boten badhé saged sumengka ing ngaluhur.

1056. Marambah-rambah kadhawuhaken wonten ing Quran Suci, bilih siksaning awon punika

Ar. *rolas sasi*

a. 246

Ut. *bekti*

36 Sayekti wilangané sasi iku mungguhing Allah ana *rolas* ing dalem kitabing Allah, wiwit dina nalika Panjenengané nitahaké langit-langit lan bumi, iku sing papat suci;[a] iku pétungan kang jejeg; mulané ing dalem prakara iku aja padha atindak dudu marang awakira dhéwé,[1057] sarta padha merangana para manembah brahala kaya anggoné dhèwèké amerangi sira kabèh;[1058] sarta padha weruha, manawa Allah iku anyartani para kang padha *anjaga dhiriné* (*saka ing ala*).

إِنَّ عِدَّةَ الشُّهُورِ عِنْدَ اللَّهِ اثْنَا عَشَرَ
شَهْرًا فِي كِتَابِ اللَّهِ يَوْمَ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ
وَالْأَرْضَ مِنْهَا أَرْبَعَةٌ حُرُمٌ ۚ ذَٰلِكَ
الدِّينُ الْقَيِّمُ ۚ فَلَا تَظْلِمُوا فِيهِنَّ
أَنْفُسَكُمْ ۚ وَقَاتِلُوا الْمُشْرِكِينَ كَافَّةً
كَمَا يُقَاتِلُونَكُمْ كَافَّةً ۚ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ
مَعَ الْمُتَّقِينَ ﴿٣٦﴾

Ar. *sawijining*

37 Nyumenèkaké (sasi kang suci)[1059] iku lugu angundhaki ing kakafiran, kang andadèkaké sasaré para kang padha kafir, ing sawijining taun padha nerak iku, ing *liyané* taun padha anucèkaké

إِنَّمَا النَّسِيءُ زِيَادَةٌ فِي الْكُفْرِ يُضَلُّ بِهِ
الَّذِينَ كَفَرُوا يُحِلُّونَهُ عَامًا وَيُحَرِّمُونَهُ

salaras kaliyan awon wau. Dalasan ing donya punika ugi, tiyang punika saged ngraosaken pidana ingkang nunggil jinis kaliyan awon ingkang katindakaken. Dados dipun ecos kaliyan bandha ingkang dipun umpuk-umpuk, punika gagambaran ingkang sampun trep, ingkang nerangaken pidananipun para tukang ngumpuk-umpuk.

1057. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika, adat tatacara Arab nyumenèkaken haji, ngantos ing wulan sanèsipun wulan dhumawahipun mangsa haji ingkang saleresipun. Bab punika mirsanana ayat candhakipun (Rz). Déné punapa maksudipun nyumenèkaken haji wau, punapa ngangkah nyarengaken taun candra lan taun surya, inggih punika sarana dipun wewahi dintenipun, punapa margi kèndel terus-terusan boten peperangan ngantos sapra sakawan taun laminipun punika kaanggep kedangon, punika wonten pamanggih warni-warni. Nanging nyumenèkaken haji makaten punika cetha manawi damel rekaos tumrap tiyang kathah. Tembung *dîn* ing ngriki boten ateges *agami*, nanging *pétangan*. Manawi badhé nguningani teges punika, kula aturi mirsani TA.

1058. Wonten ing salebetipun wulan-wulan suci, peperangan dipun awisi. Nanging manawi boten wonten ing salebetipun wulan-wulan suci, para Muslimin kadhawuhan merangi para musyrik, kados déné anggènipun para musyrik wau merangi para Muslimin. Terangipun, rèhning para manembah brahala sadaya sami saiyeg merangi para Muslimin, milanipun para Muslimin inggih kedah nganggep sadaya tiyang manembah brahala punika kagolong bangsa ingkang saweg perang.

1059. Miturut para mufassirin ingkang sabagéan kathah, *nasî* punika ateges: nyumenekaken. Déné ingkang dipun karsakaken, inggih punika adat tatacara nyumenekaken dhumawahing wulan-wulan suci, dadosipun wulan limrah kaanggep wulan suci, wulan suci kaanggep wulan limrah (Rz). Adat tatacara punika saged angganggu ing kawilujenganipun ngagesang, jalaran wonten ing salebetipun wulan-wulan suci wau, ngagesang katanggel ing kawilujenganipun. Awit saking punika mila tatacara makaten wau kaawisan boten kénging katindakaken malih. Miturut ngulami sanès, *nasî* punika ateges wewahan (wulan), déné ingkang dipun karsakaken; tatacara mewahi wilanganing wulan, saben sakawan taun kawewahan satunggal wulan. AH milih katrangan ingkang kasebut rumiyin wau, sarta ngandikakaken bilih wulan *Dhulqa'dah, Dhulhijjah*, lan wulan *Muharram*, terus-terusan kaawisan boten kénging

iku, amrih dhèwèké bisa angeplokaké wilanganing (sasi) kang disucèkaké déning Allah, mulané dadi padha nerak apa kang disucèkaké déning Allah; alaning panggawé-panggawéné pinaès-
a. 809 paès tumrap dhèwèké;[a] lan Allah iku ora nuntun para wong kang padha kafir.

عَامًا لِّيُوَاطِـُٔوا عِدَّةَ مَا حَرَّمَ اللّٰهُ فَيُحِلُّوا مَا حَرَّمَ اللّٰهُ ۚ زُيِّنَ لَهُمْ سُوٓءُ أَعْمَالِهِمْ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْكٰفِرِينَ ﴿٣٧﴾

RUKU' 6

Kintun prajurit dhateng Tabuk

38, 39. Para angèstu dipun pituturi supados pangkat perang. 40. Dipun èngetaken nalika Kanjeng Nabi Suci hijrah.41, 42. Danguning lampah dhateng Tabuk.

38 É, para kang padha angèstu! apa ta karananira, déné nalika sira didhawuhi: Padha mangkata sira ing dadalaning Allah, sira padha abot kudu andhéprok menyang bumi; apa sira wus legawa kalawan kauripan donya tinimbang akhirat? Ananging pasadhiyan kauripan donya iku katimbang karo akhirat mung sapélé.[1060]

يٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ اٰمَنُوا مَا لَكُمْ إِذَا قِيلَ لَكُمُ انْفِرُوا فِي سَبِيلِ اللّٰهِ اثَّاقَلْتُمْ إِلَى الْأَرْضِ ۚ أَرَضِيتُمْ بِالْحَيٰوةِ الدُّنْيَا مِنَ الْاٰخِرَةِ ۚ فَمَا مَتَاعُ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا فِي الْاٰخِرَةِ إِلَّا قَلِيلٌ ﴿٣٨﴾

39 Manawa sira padha ora mangkat, Panjenengané bakal aniksa sira kalawan siksa kang nglarani sarta bakal nyalini wong saliyanira, lan sira ora bakal mitunani

إِلَّا تَنْفِرُوا يُعَذِّبْكُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ۙ وَيَسْتَبْدِلْ قَوْمًا غَيْرَكُمْ وَلَا تَضُرُّوهُ

kanggé anjarah rayah lan kanggé wutah-winutahan rah, punika tumrap titiyang Arab jaman samanten kaanggep kedangon, awit saking punika para titiyang wau lajeng sami nerak kasucianipun wulan *Muharram*, minangka lintunipun, wulan candhakipun, wulan Shafar kadamel wulan suci.

1060. Ingkang dipun karsakaken wonten ing dhawuh candhakipun, punika lalampahan nalika ambidhalaken prajurit dhateng Tabuk, ingkang kalampahan nalika ing tengahaning taun Hijrah kaping sanga. Déné sababipun ngantos kalampahan ngintunaken wadyabala wau, amargi sang nata ing Rum sakalangkung ngancam tangkepipun. Nalika badhé ngirabaken wadyabala ingkang sakinten nyekapi kanggé ngayoni wadyabalanipun Karajan Rum ingkang sakalangkung kiyat, punika kathah sanget pakèwedipun. Ingkang enggel-enggel kémawon, katerangaken déning Rz makaten: (1) masa ketiga ingkang anggigirisi; (2) kékésahan dhateng tapel-watesipun tanah Syam (Siriyah) punika tebih sanget: (3) woh-wohan sampun sami mateng, sampun wancinipun dipun undhuhi; (4) bentèr ingkang sakalangkung sanget, tuwin (5) tatanan saha kakiyatanipun wadyabala Rum anggigirisi. Pakèwed punika sadaya murugaken para lamis boten sami purun tumut wadyabala Islam; nanging para Muslimin boten mraduli dhateng pakèwed ingkang samanten agengipun wau, sarta wonten tiyang 30.000 jiwa ingkang sami tumut andhèrèkaken Kanjeng Nabi.

Panjenengané barang-barang; lan Allah iku marang samubarang kawasa.[1061]

شَيْـًٔا ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٣٩﴾

40 Manawa sira padha ora mitulungi dhèwèké, lah temen Allah mitulungi dhèwèké nalika para kang padha kafir anundhung dhèwèké, dhèwèké iku angka loroné loro nalika sakaroné padha ana ing guwa, nalika dhèwèké anyalathu marang mitrané: Aja susah, sayekti Allah anyartani aku kabèh;[1062] tumuli Allah anurunaké katentreman-É marang dhèwèké sarta anguwataké dhèwèké kalawan wadyabala kang ora katon ing sira, tuwin andadèkaké asor tembungé para kang padha kafir; lan sabdaning Allah iku kang luhur; lan Allah iku Minulya, Wicaksana.

اِلَّا تَنْصُرُوْهُ فَقَدْ نَصَرَهُ اللّٰهُ اِذْ اَخْرَجَهُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا ثَانِيَ اثْنَيْنِ اِذْ هُمَا فِي الْغَارِ اِذْ يَقُوْلُ لِصَاحِبِهٖ لَا تَحْزَنْ اِنَّ اللّٰهَ مَعَنَا ۚ فَاَنْزَلَ اللّٰهُ سَكِيْنَتَهٗ عَلَيْهِ وَاَيَّدَهٗ بِجُنُوْدٍ لَّمْ تَرَوْهَا وَجَعَلَ كَلِمَةَ الَّذِيْنَ كَفَرُوا السُّفْلٰى ۗ وَكَلِمَةُ اللّٰهِ هِيَ الْعُلْيَا ۗ وَاللّٰهُ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ﴿٤٠﴾

1061. Ingkang katuju ing ayat punika tuwin ing ayat-ayat sambetipun, punika para titiyang sawatawis ingkang *ngakenipun kémawon angèstu, nanging awrat minangkani pangajakipun Kanjeng Nabi supados sami sumadhiya tumut bidhal*.

1062. Ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika, lalampahan nalika Hijrahipun Kanjeng Nabi, inggih punika nalika panjenenganipun kapeksa umpetan wonten ing guwa ingkang winastan guwa *Tsûr*, watawis tigang mil saking Makkah, tur namung kadhèrèkaken sahabat satunggal thil, inggih punika Bagéndha Abu Bakar. Para angèstu sami kadhawuhan, bilih Kanjeng Nabi namung kanthi sahabat satunggal, kinepang ing sagemblenging bangsa ingkang milawani dhateng panjenenganipun, déning Allah panjenenganipun dipun wilujengaken saking tanganing mengsah, punika margi saking genging sumarahipun dhateng Pangéran. Milanipun ing sapunika ugi, Gusti Allah inggih boten badhé négakaken panjenenganipun.

Bagéndha Abu Bakar punika dhateng Kanjeng Nabi sakalangkung setya sanget, milanipun nalika Kanjeng Nabi Suci ngalami wekdal ingkang sakalangkung ambabayani piyambak ing salamining sugengipun, boten sanès ingkang kapilih dados kanthinipun kajawi inggih Bagéndha Abu Bakar wau, inggih punika ingkang déning Quran sinebut *angka loroning loro* wau. Cariyos ing ngandhap punika, ingkang kapethik saking bukunipun Tuwan Muir, saged nerangaken ingkang kakarsakaken ing dhawuh punika. "Panjenenganipun nyarirani piyambak tindak dhateng dalemipun sahabat Abu Bakar, sarta ing sasampunipun rembagan sawatawis, rancangan badhé tumunten lumajeng, saèstu katindakaken. Sahabat Abu Bakar ngantos carocosan waspanipun, saking anggènipun suka panggalihipun; wahyaning masakalanipun Hijrah dhateng saèstu, sarta panjenenganipun ingkang badhé nganthèni tindakipun Kanjeng Nabi .... Priyagung kakalih wau manusup ing petengan medal jendela ing wingking, sarta kalampahan saged oncat kanthi boten kasumerepan saking kikis kidul. Tindakipun lajeng, mangidul, andeder minggah redi medal margi ingkang boten waradin, pating cengkuweg lan pating pendhosol, arèngkèng-rèngkèng wonten ing petengan. Wasananipun kalampahan saged dumugi ing pucaking redi Tsûr ingkang nginggil, watawis lampahan kalih tengah jam saking kitha, sarta lajeng umpetan wonten ing guwa sacelakipun pucak ...... Kanthinipun ingkang namung satunggal thil, inggih punika sahabat Abu Bakar, ing tetembungan Arab katembungaken *angka loroning loro*; punika lajeng dados salah satunggaling sesebutanipun sahabat Abu Bakar ingkang nélakaken ing kaluhuranipun ..... Sampun

41 Padha mangkata, kalawan ènthèng lan kalawan abot,[1063] sarta padha andarpatia kalawan bandhanira lan awakira ing dadalaning Allah; iki luwih becik tumrapé sira, manawa sira padha weruh.

انْفِرُوا خِفَافًا وَّثِقَالًا وَّجَاهِدُوا بِأَمْوَالِكُمْ
وَأَنْفُسِكُمْ فِي سَبِيلِ اللّٰهِ ۗ ذٰلِكُمْ خَيْرٌ
لَّكُمْ إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٤١﴾

42 Manawa iku kauntungan kang parek sarta lalakon kang cedhak, amasthi dhèwèké padha andhèrèk ing sira, ananging lalakon rekasa iku kadohan ingatasé dhèwèké;[1064] sarta dhèwèké padha sepata kalawan (anyebut asmaning) Allah: Manawi kula sami sageda, saèstu kula sami mangkat andhèrèk sampéyan. Dhèwèké padha angrusak jiwané dhéwé, sarta Allah Angudanèni, manawa dhèwèké temen padha wong doracara.

لَوْ كَانَ عَرَضًا قَرِيبًا وَّسَفَرًا قَاصِدًا
لَّاتَّبَعُوكَ وَلٰكِنْ بَعُدَتْ عَلَيْهِمُ الشُّقَّةُ ۗ
وَسَيَحْلِفُونَ بِاللّٰهِ لَوِ اسْتَطَعْنَا لَخَرَجْنَا
مَعَكُمْ ۚ يُهْلِكُونَ أَنْفُسَهُمْ ۚ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ
إِنَّهُمْ لَكٰذِبُونَ ﴿٤٢﴾

RUKU' 7

Para titiyang lamis

43-45. Ingkang sami nyuwun palilah kantun. 46-52. Manawi piyambakipun sami wonten, punika angringkihaken. 53-55. Rajadarbèkipun manawi dipun tanjakaken, boten katarimah déning Allah. 56, 57. Sepatanipun ingkang goroh. 58, 59. Boten sarjunipun dhateng pangeduming dana.

43 Allah amuwung ing sira![1065] yagéné sira angidini marang dhèwèké *ing sadurungé* dadi terang

Ar. *nganti*

عَفَا اللّٰهُ عَنْكَ ۚ لِمَ أَذِنْتَ لَهُمْ حَتّٰى يَتَبَيَّنَ

boten wonten semang-semangipun malih bilih Nabi Muhammad tuwin sahabatipun wau mesthi inggih rumaos manawi ing wekdal wau pranyata wekdal ingkang ambabayani sanget. Ing wanci gagat bangun, sahabat Abu Bakar ngungak manginggil, kaleres lowahaning redi, ngandikanipun kalayan abisik-bisik: "Gèk kados pundi mangké manawi wonten tiyang ingkang nginguk lowahan punika, sarta sumerep kula kakalih wonten ing ngriki." Pangandikanipun Kanjeng Nabi: "*Dhuh sumitra kula Abu Bakar, sampun manah makaten; kula namung tiyang kalih, nanging Gusti Allah, wonten irg tengah-tengah kula kakalih dados ingkang angka tiga*."

1063. Terangipun, gampang utawa angèl sira tindakaké, utawi sira asikep gagaman apa ora (Rz) (sira meksa kudu mangkat).

1064. Ingkang dipun tuju punika Tabuk, inggih punika ing tengah-tengahipun margi antawisipun Madinah lan Damaskus. Titiyang Arab punika pakulinanipun perang wonten ing sacelaking griyanipun; milanipun késah tebih punika dados salah satunggaling sabab ingkang murugaken para titiyang ingkang boten ikhlas anggènipun ngrungkebi agami Islam boten purun andhèrèk dhateng Tabuk wau

1065. Tembung عَفَا اللّٰهُ عَنْكَ ingkang ing ngriki dipun tegesi *Allah amuwung ing sira*, punika manawi kalèntu anggènipun nyuraos saged murugaken wontenipun kritik dhateng bab kareksanipun

tumrapé sira para kang padha temen sarta sira weruh para wong doracara.

لَكَ الَّذِينَ صَدَقُوا وَتَعْلَمَ الْكٰذِبِينَ ﴿٤٣﴾

44 Ora padha njaluk pamit marang sira para kang padha angèstu ing Allah lan dina akhir (amrih linuputna) saka ing anderpati kalawan bandhané sarta awaké, lan Allah iku Angudanèni ing wongwong kang padha *anjaga dhiriné* (*saka ing ala*).

Ut. *bekti*

لَا يَسْتَأْذِنُكَ الَّذِينَ يُؤْمِنُونَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ أَنْ يُّجَاهِدُوا بِأَمْوَالِهِمْ وَأَنْفُسِهِمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيمٌۢ بِالْمُتَّقِينَ ﴿٤٤﴾

45 Mung para kang padha ora angèstu ing Allah lan dina akhir kang anjaluk pamit ing sira sarta kang atiné padha semang-semang, mulané ing sajroning semangsemangé dhèwèké padha malang tumolih.

إِنَّمَا يَسْتَأْذِنُكَ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ وَارْتَابَتْ قُلُوبُهُمْ فَهُمْ فِي رَيْبِهِمْ يَتَرَدَّدُونَ ﴿٤٥﴾

46 Lan manawa dhèwèké padha nedya mangkat, iku dhèwèké masthi anyadhiyakaké ubarampèné, ananging Allah ora rena marang gumrégahé, mulané Panjenengané angendhakaké dhèwèké sarta dipangandikani: Padha *karia* karo wong kang padha *kari.*

Ar. *lungguha*
Ar. *lungguh*

وَلَوْ أَرَادُوا الْخُرُوجَ لَأَعَدُّوا لَهُ عُدَّةً وَّلٰكِنْ كَرِهَ اللّٰهُ انْبِعَاثَهُمْ فَثَبَّطَهُمْ وَقِيلَ اقْعُدُوا مَعَ الْقٰعِدِينَ ﴿٤٦﴾

47 Manawa dhèwèké padha mangkata tunggal sira, ora angundhaki apa-apa ing sira kajaba karusakan, lan masthi padha agawé onar ing antaranira, padha angarah (nyebar) cocongkrahan ing antaranira, lan ing golonganira ana kang

لَوْ خَرَجُوا فِيكُمْ مَّا زَادُوكُمْ إِلَّا خَبَالًا وَّلَأَوْضَعُوا خِلٰلَكُمْ يَبْغُونَكُمُ الْفِتْنَةَ ۚ وَفِيكُمْ

Kanjeng Nabi saking dosa. Nanging boten wonten punapa-punapanipun ingkang leregipun mengku kajeng bangsanipun makaten wau. Dhawuhing Pangéran boten katerak, sarta malih ing sadaya paprangan ingkang sampun kelampahan samangsa para lamis suthik tumut wadyabala Muslimin, Kanjeng Nabi mesthi ngapunten lekasipun para lamis wau, sarta Kanjeng Nabi boten naté tampi duduka. Déné ukara ingkang kagem ing ngriki, punika namung perlu kanggé anedahaken kahurmatan tuwin pangaji-aji ingkang langkung ageng dhateng tiyang ingkang katuju ing dhawuh (Rz) فلا يكون غرضه من هذا الكلام الا مزيد التبجيل والتعظيم dados dhawuh mawi ukara makaten wau babar-pisan boten teka mengku suraos ngapunten ing dosa.

padha angrungokaké marang dhèwèké; lan Allah iku Angudanèni marang wong kang padha atindak dudu.[1066]

سَمّٰعُوْنَ لَهُمْ ۗ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌۢ بِالظّٰلِمِيْنَ (47)

48 Sayekti temen ing sadurungé iku dhèwèké wis padha angarah (nyebar) cocongkrahan sarta padha ambudidaya nandukaké upaya lumawan sira, nganti tekaning kanyataan sarta menangé paréntahing Allah, *sanajan* (prakara iku) dhèwèké padha gething.

Ar. *lan*

لَقَدِ ابْتَغَوُا الْفِتْنَةَ مِنْ قَبْلُ وَقَلَّبُوْا لَكَ الْاُمُوْرَ حَتّٰى جَاۤءَ الْحَقُّ وَظَهَرَ اَمْرُ اللّٰهِ وَهُمْ كٰرِهُوْنَ (48)

49 Lan sawenèhé ana kang calathu: Mugi aparing pamit dhateng kula, sarta sampun anyobi ing kula. Sayekti dhèwèké iku wis padha tumiba ing sajroning coba, lan sayekti temen naraka iku angliputi para kafir.

وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّقُوْلُ ائْذَنْ لِّيْ وَلَا تَفْتِنِّيْ ۗ اَلَا فِى الْفِتْنَةِ سَقَطُوْا ۗ وَاِنَّ جَهَنَّمَ لَمُحِيْطَةٌ ۢ بِالْكٰفِرِيْنَ (49)

50 Manawa becik tumiba ing sira iku anusahaké dhèwèké lan manawa bilai angenani sira, padha calathu: Temen, aku wis padha prayitna ing sadurungé marang prakaraku dhéwé; karo padha mlèngos sarta padha bungah.

اِنْ تُصِبْكَ حَسَنَةٌ تَسُؤْهُمْ ۚ وَاِنْ تُصِبْكَ مُصِيْبَةٌ يَّقُوْلُوْا قَدْ اَخَذْنَآ اَمْرَنَا مِنْ قَبْلُ وَيَتَوَلَّوْا وَّهُمْ فَرِحُوْنَ (50)

51 Calathua: Ora ana kang angenani aku, kajaba apa kang wus tinamtu dening Allah tumrap marang aku: Panjenengané iku Pangayomanku; lan, mulané, marang Allah kuduné anggoné suméndhé para angèstu.

قُلْ لَّنْ يُّصِيْبَنَآ اِلَّا مَا كَتَبَ اللّٰهُ لَنَا ۚ هُوَ مَوْلٰىنَا ۚ وَعَلَى اللّٰهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُوْنَ (51)

52 Calathua: Apa sira padha angajap tumrap marang aku (ora liya) kajaba salah sijiné becik loro? Lan aku padha angajap tumrap

قُلْ هَلْ تَرَبَّصُوْنَ بِنَآ اِلَّآ اِحْدَى الْحُسْنَيَيْنِ ۗ وَنَحْنُ نَتَرَبَّصُ بِكُمْ

1066. Ayat-ayat punika anggènipun katurunaken salebetipun para Muslimin nglurug dhateng Tabuk: nalika punika para lamis ingkang kathah boten tumut. Nanging tiyang lamis sawatawis ingkang sami tumut dhateng Tabuk lajeng suka pawartos dhateng titiyang golonganipun, sadaya ingkang kalampahan nalika wonten ing margi.

	marang sira, supaya Allah anibani sira kalawan siksa saka ngarsa-Né utawa asarana tangan-tanganku. Mulané padha angajapa; aku iya padha angajap barengan karo sira.[1067]	أَن يُصِيبَكُمُ اللَّهُ بِعَذَابٍ مِّنْ عِندِهِ أَوْ بِأَيْدِينَا ۖ فَتَرَبَّصُوا إِنَّا مَعَكُم مُّتَرَبِّصُونَ ﴿٥٢﴾
Ar. *saka sira*	53 Calathua: Sira padha cucula bandha, kalawan pambangun turut utawa kalawan kepeksa, *iku* ora bakal tinarima; sayekti sira iku wong kang murang yekti.	قُلْ أَنفِقُوا طَوْعًا أَوْ كَرْهًا لَّن يُتَقَبَّلَ مِنكُمْ ۖ إِنَّكُمْ كُنتُمْ قَوْمًا فَاسِقِينَ ﴿٥٣﴾
	54 Ora ana kang angalang-alangi bisané katarima anggoné padha cucul bandha, kajaba anggoné angafiri marang Allah lan marang Utusan-É sarta anggoné ora anekani salat kajaba kalawan botboten, apa déné anggoné ora padha cucul bandha kajaba kalawan kepeksa.	وَمَا مَنَعَهُمْ أَن تُقْبَلَ مِنْهُمْ نَفَقَاتُهُمْ إِلَّا أَنَّهُمْ كَفَرُوا بِاللَّهِ وَبِرَسُولِهِ وَلَا يَأْتُونَ الصَّلَاةَ إِلَّا وَهُمْ كُسَالَىٰ وَلَا يُنفِقُونَ إِلَّا وَهُمْ كَارِهُونَ ﴿٥٤﴾
Ar. *lan aja*	55 Mulané aja angédabaké sira bandha-bandhané *lan* anak-anaké, iku Allah mung angarsakaké kagem lantaran niksa dhèwèké ana ing kauripan donya iki lan (supaya) nyawané padha oncat sajroné dhèwèké isih padha wong kafir.[1068]	فَلَا تُعْجِبْكَ أَمْوَالُهُمْ وَلَا أَوْلَادُهُمْ ۚ إِنَّمَا يُرِيدُ اللَّهُ لِيُعَذِّبَهُم بِهَا فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا وَتَزْهَقَ أَنفُسُهُمْ وَهُمْ كَافِرُونَ ﴿٥٥﴾

1067. "Becik loro" punika: ngetohaken jiwanipun wonten ing margining yakti, utawi tumut ngraosaken menangipun yakti ingkang wekasan. Para Muslimin boten naté gadhah gagasan bilih saged dipun kawonaken. Para Muslimin namung gadhah pangesthi warni kalih, inggih punika: pejah karana nglabuhi pakaryan yakti, punapa gesang tur angsal kamenangan.

Pidana ingkang kasandhang déning para lamis saking tanganipun kaum Muslimin, punika namung saprakawis, inggih punika: dipun undhangi tuwin dipun tundhung saking masjid sarta ing salajengipun kajuwara anggènipun sami dados tiyang lamis. Sanèsipun punika, para lamis wau boten sami kaganggu kamardikanipun. Wonten satunggal ingkang dudunung wonten ing Madinah, kocapipun menangi nalika jamanipun Bagéndha 'Utsman, Khalifah ingkang kaping tiga. Piyambakipun wau boten gempil sakedhik-kedhika wewenangipun, boten béda kaliyan tiyang sanès-sanèsipun; kacariyos namung wonten saprakawis pangrengkuh dhateng piyambakipun wau ingkang kadamel béda, inggih punika Kanjeng Nabi utawi Khalifahipun titiga pisan, boten nampèni zakatipun tiyang wau (Rz, ayat 75).

1068. Para lamis sami nandhang siksa ing bumi punika ing babagan bandhanipun tuwin anak-anakipun; sababipun wonten warni kalih: (1) margi saking anggènipun ngaken Islam, para titiyang wau lajeng sami urun waragad kanggé peperangan-peperangan karana rumeksa agami Islam, dadosipun kapeksa nanjakaken sapéranganing bandhanipun ing margining Islam, nadyan kalayan boten rena; (2) kathah para lamis ingkang anak-anakipun dados tiyang angèstu ingkang setya, sarta para titiyang wau

56 Lan dhèwèké padha sepata kalawan (anebut asmaning) Allah, yèn dhèwèké iku temen padha golonganira, lan ora pisan dhèwèké iku padha golonganira, ananging dhèwèké iku wong kang padha wedi (marang sira).

وَيَحْلِفُوْنَ بِاللّٰهِ اِنَّهُمْ لَمِنْكُمْ ۗ وَمَا هُمْ
مِّنْكُمْ وَلٰكِنَّهُمْ قَوْمٌ يَّفْرَقُوْنَ ﴿٥٦﴾

Ar. *anggon kang kena dileboni*

57 Upama olèha pangungsèn utawa guwa, utawa *pandhelikan*, amasthi padha nuju mrono sarta padha énggal anggendring lumayu.

لَوْ يَجِدُوْنَ مَلْجَاً اَوْ مَغٰرٰتٍ اَوْ مُدَّخَلًا
لَّوَلَّوْا اِلَيْهِ وَهُمْ يَجْمَحُوْنَ ﴿٥٧﴾

58 Lan sawenèhé ana kang nyatur ala ing sira ing dalem prakara dana; lah manawa ana sing diwènèhaké dhèwèké padha lega atiné, lan manawa ora ana sing diwènèhaké, sanalika padha banget muring-muringé.

وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّلْمِزُكَ فِي الصَّدَقٰتِ ۚ فَاِنْ
اُعْطُوْا مِنْهَا رَضُوْا وَاِنْ لَّمْ يُعْطَوْا مِنْهَآ
اِذَا هُمْ يَسْخَطُوْنَ ﴿٥٨﴾

59 Lan manawa dhèwèké padha narima apa paparingé Allah lan Utusan-É marang dhèwèké sarta padha angucap: Allah wus nyukupi marang aku: Allah bakal énggal amaringi aku (manèh) saka lubèring paparing-É, lan mangkono uga Utusan-É; sayekti marang Allah anggonku padha nyunyuwun.

وَلَوْ اَنَّهُمْ رَضُوْا مَآ اٰتٰىهُمُ اللّٰهُ وَرَسُوْلُهٗ ۙ
وَقَالُوْا حَسْبُنَا اللّٰهُ سَيُؤْتِيْنَا اللّٰهُ مِنْ فَضْلِهٖ
وَرَسُوْلُهٗٓ ۙ اِنَّآ اِلَى اللّٰهِ رٰغِبُوْنَ ﴿٥٩﴾ ع

RUKU' 8

Para titiyang lamis

60. Tumanjanipun zakat. 61. Para lamis sanget anggènipun angribedi Kanjeng Nabi. 62. Pangangkah anjenengaké para angèstu. 63-66. Santolanipun sarta pidananipun.

60 Dana iku mung tumanja marang para wong kacingkrangan lan wong kebutuh lan para kang katetep tumandang gawé ingatasé prakara iku lan para kang atiné

اِنَّمَا الصَّدَقٰتُ لِلْفُقَرَآءِ وَالْمَسٰكِيْنِ
وَالْعٰمِلِيْنَ عَلَيْهَا وَالْمُؤَلَّفَةِ قُلُوْبُهُمْ

sampun saged mesthèkaken bilih ing sapejahipun, bandhanipun tuwin anak-anakipun mesthi badhé dados tuking kakiyatan tumrap agami ingkang kaangkah sirnanipun.

ditumiyungaké (marang kasunyatan) lan kanggo nebusi kawula tawanan lan para kang keblebek ing utang lan (kang) ana ing dadalané Allah lan wong lalaku: undhanging Allah; lan Allah iku Angudanèni, Wicaksana.[1069]

وَفِي الرِّقَابِ وَالْغَارِمِينَ وَفِي سَبِيلِ اللَّهِ وَابْنِ السَّبِيلِ ۖ فَرِيضَةً مِّنَ اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿٦٠﴾

61 Lan sawenèhé ana kang padha banget angribedaké Nabi sarta acalathua: Dhèwèké iku *wong sing anggugu sabarang kang dirungu*.[1070] Calathua: Wong kang angrungokaké kang becik tumrapé

Ar. *kuping*

وَمِنْهُمُ الَّذِينَ يُؤْذُونَ النَّبِيَّ وَيَقُولُونَ هُوَ أُذُنٌ ۚ قُلْ أُذُنُ خَيْرٍ لَّكُمْ يُؤْمِنُ

1069. *Dana* ing ngriki, *dana wajib*, inggih punika zakat, sanès dana manasuka, tandhanipun: wonten ing wekasaning ayat, dana punika kadhawuhaken manawi undhang-undhang saking Allah. Ayat punika nerangaken paprincèn tumanjanipun zakat. Gunggung kempal wonten wolu. Para jurunglempakaken zakat tuwin punggawa sanèsipun malih, ingkang tinanggenah tumandang ing damel ingkang magepokan kaliyan prakawis zakat, kawenangaken ngalap épah saking bandha zakat, punika kénging kanggé titikan bilih tatanan bab zakat punika mengku karsa damel *fonds* kanggé kaperluanipun umat Islam, ingkang urusanipun inggih kedah kacepeng déning babadanipun umat Islam. Èman sanget déné tatanan zakat kados karsanipun Quran punika déning kaum Muslimin dipun lirwakaken.

Tembung المؤلفة قلوبهم punika wantahipun ateges: *wong kang ditumiyungaké* utawi *digawé tutut atiné*. Manawi wonten tiyang mulangaken agami, punika mesthi inggih wonten tiyang ingkang purun mirengaken. Lah waragad-waragad ingkang perlu kanggé andhatengaken yakti dhateng para titiyang wau, wonten ing dhawuh ngriki kasebutaken kénging kapendhetaken saking arta zakat. Pamanggihipun I'Ab bilih *almu'allafati qulûbuhum* punika para pinisepuh Arab sawatawis, punika déning Rz katulak (boten dipun rujuki). Lalampahan ingkang dipun andharaken déning I'Ab punika babar pisan boten sasambetan kaliyan *zakat*, nanging sasambetan kaliyan pangedumipun barang-barang kukupan nalika perang Hunain.

Sawenèh ngulami matesi tegesipun في سبيل الله punika namung para ingkang sami tumut perang (ambélani agami lan umat Islam), utawi para ingkang nindakaken pakaryan ajak-ajak nglampahi agami Islam. Ngulami sanèsipun malih gadhah pamanggih bilih tembung wau umum, sarta mengku sawarnining maksud ingkang asifat dadana (Rz).

1070. Tembung *udhun* ingkang wantahipun ateges: *kuping*, punika dipun anggé nembungaken: *tiyang ingkang remen mirengaken sarta ngandel dhateng sadaya barang ingkang dipun cariyosaken dhatetng piyambakipun*, "ngantos margi saking anggènipun kesangetan remen mirengaken, piyambakipun dados kados déné anggota ingkang kanggé mirengaken, boten prabéda lan telik-sandiupaya punika inggih kawastanan '*ain*" (ingkang walakanipun ateges: *mripat*) (LL). Para lamis punika remen sanget wicanten ingkang mengku pangina dhateng sariranipun Kanjeng Nabi, kadosta Kanjeng Nabi winastan andelan sanget dhateng sadaya barang ingkang kapiyarsa, awit saking punika para lamis wau sami wantun masthèkaken bilih panjenenganipun mesthi inggih ngandel kémawon dhateng anggènipun sami lalamisan punika. Utawi anggèning piyambakipun sami mastani Kanjeng Nabi *kuping*, punika margi panjenenganipun punika namung migatosaken punapa ingkang kapangandikakaken, ngantos kados-kados nabi punika kedah boten mraduli punapa ingkang kaucapaken saha katindakaken ing tiyang sanès. Rodwell nalika nerangaken dhawuh punika mastani bilih *udhun* punika ateges: *panyenggring*. Punika kalèntu. Palmer inggih nemahi lepat. Déné klèntunipun wau margi *udhun* cawuh kaliyan tembung *adha* ingkang manawi dipun sandhangi *tanwin* mungel *adhan*.

sira, (kang) angèstu ing Allah lan ngandel marang para angèstu, sarta wilasa tumrap sawenèhira kang padha angèstu; wondéné para kang padha banget angribedaké nabi, iku bakal olèh siksa kang nglarani.

بِاللّٰهِ وَيُؤْمِنُ لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَرَحْمَةٌ لِّلَّذِيْنَ
اٰمَنُوْا مِنْكُمْ ۗ وَالَّذِيْنَ يُؤْذُوْنَ رَسُوْلَ
اللّٰهِ لَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ﴿٦١﴾

62 Dhèwèké padha supata kalawan (anyebut asmaning) Allah marang sira, amurih pirenanira; lan Allah sarta Utusan-É, iku luwih bener yèn dhèwèké padha angrenakna Panjenengané, manawa dhèwèké iku padha wong angèstu.[1071]

يَحْلِفُوْنَ بِاللّٰهِ لَكُمْ لِيُرْضُوْكُمْ ۚ وَاللّٰهُ وَ
رَسُوْلُهٗٓ اَحَقُّ اَنْ يُّرْضُوْهُ اِنْ كَانُوْا مُؤْمِنِيْنَ ﴿٦٢﴾

63 Apa padha ora weruh, yèn sapa sing anglawan Allah lan Utusan-É sayekti bakal olèh geni naraka, bakal manggon ing kono? Iku asor kang gedhé.

اَلَمْ يَعْلَمُوْٓا اَنَّهٗ مَنْ يُّحَادِدِ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ
فَاَنَّ لَهٗ نَارَ جَهَنَّمَ خَالِدًا فِيْهَا ۗ ذٰلِكَ
الْخِزْيُ الْعَظِيْمُ ﴿٦٣﴾

64 Para wong lamis padha kuwatir, yen ana surat tinurunaké marang dhèwèké, kang bakal ameruhaké marang dhèwèké apa kang ana ing sajroning ati-atiné. Calathua: Padha angguguyua, sayekti Allah iku bakal anglahiraké apa kang padha sira kuwatiraké.

يَحْذَرُ الْمُنٰفِقُوْنَ اَنْ تُنَزَّلَ عَلَيْهِمْ سُوْرَةٌ
تُنَبِّئُهُمْ بِمَا فِيْ قُلُوْبِهِمْ ۗ قُلِ اسْتَهْزِءُوْا ۚ
اِنَّ اللّٰهَ مُخْرِجٌ مَّا تَحْذَرُوْنَ ﴿٦٤﴾

65 Lan manawa dhèwèké padha sira takoni, masthi padha mangsuli: Aku iki mung padha caturan sembranan lan guguyon. Calathua: Apa marang Allah sarta timbalan-timbalan-É tuwin Utusan-É anggonmu padha angguguyu?

وَلَىِٕنْ سَاَلْتَهُمْ لَيَقُوْلُنَّ اِنَّمَا كُنَّا نَخُوْضُ
وَنَلْعَبُ ۗ قُلْ اَبِاللّٰهِ وَاٰيٰتِهٖ وَرَسُوْلِهٖ
كُنْتُمْ تَسْتَهْزِءُوْنَ ﴿٦٥﴾

66 Aja padha agawé santolan; temen sira padha angafiri ing sawisé sira angèstu; manawa Ingsun angapura sawenèhira sagolongan, Ingsun bakal aniksa

لَا تَعْتَذِرُوْا قَدْ كَفَرْتُمْ بَعْدَ اِيْمَانِكُمْ ۗ
اِنْ نَّعْفُ عَنْ طَاۤىِٕفَةٍ مِّنْكُمْ نُعَذِّبْ

1071. Nadyan Allah lan Utusan-Ipun kasebutaken sareng, suprandéné ingkang kadhawuhaken kedah dados kawajibanipun tiyang mukmin, punika damel renanipun Allah pribadi. Punika nedahaken sapinten luhuring èsti bab Kasawijèning Pangéran wonten ing dalem Islam.

sagolongan (sijiné) amarga saka anggoné padha dosa.[1072]

طَآئِفَةً ۢ بِاَنَّهُمْ كَانُوْا مُجْرِمِيْنَ ﴿٦٦﴾

RUKU' 9

Para titiyang lamis

67-70. Wulang tumrap para tiyang lamis. 71, 72. Kasagahan tumrap para angèstu.

Ar. sawenèhé saka kang sawenèh

67 Para wong lamis lanang lan para wong lamis wadon iku *kabèh padha*; padha maréntahaké marang ala sarta menging marang becik tuwin padha anggegem tangan-tangané; padha anglirwakaké Allah, mulané Panjenenganė anglirwakaké dhèwèké; sayekti para wong lamis iku para murang yekti.

اَلْمُنٰفِقُوْنَ وَ الْمُنٰفِقٰتُ بَعْضُهُمْ مِّنْۢ بَعْضٍ ۘ يَاْمُرُوْنَ بِالْمُنْكَرِ وَ يَنْهَوْنَ عَنِ الْمَعْرُوْفِ وَ يَقْبِضُوْنَ اَيْدِيَهُمْ ؕ نَسُوا اللّٰهَ فَنَسِيَهُمْ ؕ اِنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ هُمُ الْفٰسِقُوْنَ ﴿٦٧﴾

68 Allah wis anyagahi geni naraka marang para lamis lanang lan para lamis wadon sarta para kafir, dimèn padha manggon ing kono; iku wis nyukupi dhèwèké; sarta Allah ambendoni dhèwèké tuwin bakal padha olèh siksa kang mindeng.

وَعَدَ اللّٰهُ الْمُنٰفِقِيْنَ وَ الْمُنٰفِقٰتِ وَ الْكُفَّارَ نَارَ جَهَنَّمَ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ؕ هِيَ حَسْبُهُمْ ۚ وَ لَعَنَهُمُ اللّٰهُ ۚ وَ لَهُمْ عَذَابٌ مُّقِيْمٌ ﴿٦٨﴾

69 Kaya déné para ing sadurungira: iku padha luwih banget saka sira mungguhing kakuwatan sarta luwih akèh mungguhing bandha lan anak, mulané dhèwèké padha olèh pandumé; lah sira iya padha olèh pandumira, kaya déné para ing sadurungira anggoné olèh pandumé; sarta sira padha cacaturan ngayawara kaya anggoné dhèwèké wus caturan ngayawara. Iki kang panggawé-panggawéné padha muspra ing dalem donya lan akhirat; lan iki para kang padha kapitunan.

كَالَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِكُمْ كَانُوْۤا اَشَدَّ مِنْكُمْ قُوَّةً وَّ اَكْثَرَ اَمْوَالًا وَّ اَوْلَادًا ؕ فَاسْتَمْتَعُوْا بِخَلَاقِهِمْ فَاسْتَمْتَعْتُمْ بِخَلَاقِكُمْ كَمَا اسْتَمْتَعَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِكُمْ بِخَلَاقِهِمْ وَ خُضْتُمْ كَالَّذِيْ خَاضُوْا ؕ اُولٰٓئِكَ حَبِطَتْ اَعْمَالُهُمْ فِي الدُّنْيَا وَ الْاٰخِرَةِ ۚ وَ اُولٰٓئِكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ﴿٦٩﴾

1072. Babad anerangaken bilih ing wasananipun para lamis punika ingkang kathah sami mratobat sarta dados tiyang angèstu ingkang tulus.

70 Apa ora wus tumeka marang dhèwèké pawartané para ing sadurungé; (pawartané) wongé Nuh lan ‘Ad[a] lan Tsamud[b] sarta wongé Ibrahim tuwin para wong ing Madyan[c] apa déné ing kutha-kutha kang padha karubuhaké[d]; utusané wis padha anekani dhèwèké kalawan tandha-tandha yekti; mulané dudu Allah Kang atindak dudu marang dhèwèké, nanging dhèwèké dhéwé kang atindak dudu marang awaké.

a. 903
b. 911
c. 919
d. 1196

أَلَمْ يَأْتِهِمْ نَبَأُ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ قَوْمِ
نُوْحٍ وَّعَادٍ وَّثَمُوْدَ ۙ۬ وَقَوْمِ اِبْرٰهِيْمَ
وَاَصْحٰبِ مَدْيَنَ وَالْمُؤْتَفِكٰتِ ؕ
اَتَتْهُمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ ۚ فَمَا كَانَ
اللّٰهُ لِيَظْلِمَهُمْ وَلٰكِنْ كَانُوْٓا اَنْفُسَهُمْ
يَظْلِمُوْنَ ﴿٧٠﴾

71 Wondéné para wong lanang angèstu lan wong wadon angèstu, iku padha dadi pangayoman sawenèh marang sawenèhé; padha maréntahaké marang becik sarta menging marang ala tuwin padha anjumenengaké salat apa déné padha ambayar zakat lan ambangun turut ing Allah lan utusan-É; iki, Allah bakal amaringi wilasa dhèwèké; sayekti Allah iku Mahamulya, Wicaksana.

وَالْمُؤْمِنُوْنَ وَالْمُؤْمِنٰتُ بَعْضُهُمْ اَوْلِيَآءُ
بَعْضٍ ۘ يَأْمُرُوْنَ بِالْمَعْرُوْفِ وَيَنْهَوْنَ عَنِ
الْمُنْكَرِ وَيُقِيْمُوْنَ الصَّلٰوةَ وَيُؤْتُوْنَ الزَّكٰوةَ
وَيُطِيْعُوْنَ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ ؕ اُولٰٓئِكَ سَيَرْحَمُهُمُ
اللّٰهُ ؕ اِنَّ اللّٰهَ عَزِيْزٌ حَكِيْمٌ ﴿٧١﴾

72 Allah wus anyagahi patamanan wong lanang angèstu lan wong wadon angèstu, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, dimèn padha manggon ing kono, sarta padunungan kang becik ing sajroné patamanan kang langgeng, sarta *kabèh iku kang becik dhéwé* yaiku pirena saka ing Allah – mangkono iku pakolih kang gedhé.

Ar. *ngisoré*

Ar. *kang gedhé dhéwé*

وَعَدَ اللّٰهُ الْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنٰتِ جَنّٰتٍ
تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا
وَمَسٰكِنَ طَيِّبَةً فِيْ جَنّٰتِ عَدْنٍ ؕ وَرِضْوَانٌ
مِّنَ اللّٰهِ اَكْبَرُ ؕ ذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ﴿٧٢﴾

RUKU’ 10

Para titiyang lamis

73, 74. Sami boten kadumugèn kajengipun. 75-78. Sami boten netepi janjinipun. 79, 80. Pangécénipun sarta anggènipun sami kafir.

73 É, Nabi! dianderpati marang para kafir sarta para lamis tuwin di kenceng marang dhèwèké; lan padunungané ing naraka, sarta ala wusanané.[1073]

يٰٓاَيُّهَا النَّبِيُّ جَاهِدِ الْكُفَّارَ وَ الْمُنٰفِقِيْنَ وَ اغْلُظْ عَلَيْهِمْ ؕ وَ مَاْوٰىهُمْ جَهَنَّمُ ؕ وَ بِئْسَ الْمَصِيْرُ ﴿۷۳﴾

74 Dhèwèké padha supata kalawan (anebut asmaning) Allah, yèn ora angucap apa-apa, *mangka* sayekti temen padha angucapaké pangucap kakafiran, sarta padha kafir sawisé Islamé, sarta padha anjangka marang barang kang dhèwèké padha ora bisa katekan,[1074] lan dhèwèké padha ora nyawadi,

Ar. *lan*

يَحْلِفُوْنَ بِاللّٰهِ مَا قَالُوْا ؕ وَ لَقَدْ قَالُوْا كَلِمَةَ الْكُفْرِ وَ كَفَرُوْا بَعْدَ اِسْلَامِهِمْ وَ هَمُّوْا بِمَا لَمْ يَنَالُوْا ۚ وَ مَا نَقَمُوْۤا اِلَّاۤ

1073. *Jahada* ateges *nyarempeng, jihâd* ateges *ngetog kakiyatanipun nalika nglawan mengsah* (Rgh, TA-LL). *Mangsah perang*, punika tegesipun ingkang kaping kalih tembung wau. Nanging wonten ing Quran Suci asring sanget tembung wau dipun agem ingkang kalayan mengku tegesipun ingkang asli, sarta ayat punika salah satunggalipun dhawuh-dhawuh ingkang saged ambuktèkaken leresipun teges punika, tur ingkang kalayan tanpa wonten semang-semangipun malih, jalaran para titiyang ingkang ngaken Islam punika boten naté dipun perangi, sanajan ta anggènipun ngaken Islam wau boten tulus – tur kalayan ngeblak anggènipun boten tulus wau – kados déné ing wekdal wau tuwin nalika perang Uhud. Rz anggènipun nerangaken ayat punika inggih kados makaten wau: "Tegesipun ingkang leres *jihâd* punika *nyarempeng*, sarta ing tembung wau boten wonten punapa-punapanipun ingkang nedahaken bilih *panyarempeng* punika mesthi kedah katindakaken kalayan pedhang utawi kalayan lésan utawi kalayan cara sanès-sanèsipun."

Pratandha kirang seserepanipun ing basa Arab, manawi tembung *jâhid* ing ngriki dipun tegesi *perang kalayan nganggé dadamel*. Kula aturi mirsani katerangan saminipun punika ing surat ingkang kaping 25, ingkang katurunaken sadèrèngipun para Muslimin dipun idini perang, makaten: "Sarta dhèwèké padha tandhangana sarana iki kalawan tandhang kang gedhé" (25: 52). Tembung *iku* ing dhawuh wau, ingkang dipun karsakaken: Quran. Dados sikep dhateng mengsah boten wonten èwah gingsiripun, sikep ingkang rupak inggih boten kadhawuhaken. Déné ingkang dipun karsakaken ing dhawuh ngriki, punika boten sanès kajawi namung Kanjeng Nabi kadhawuhan nglastantunaken mumulang kalayan yeyektosan, sami ugi dhateng titiyang kafir lan titiyang munafék. Sampun kanyataan, kados déné ingkang sampun katerangaken ing 1075 tuwin ing 1076, bilih boten wonten titiyang lamis satunggal kémawon, ingkang kapatrapan ing ukum pejah, utawi pidana sanèsipun malih, kajawi namung kapedhot sasambetanipun kaliyan para Muslimin, inggih sasambetan ruhani, inggih sasambetan dunyawi. Wonten titiyang sawatawis ingkang sampun kasub menggah ing lalamisanipun saged gesang wonten ing Madinah ngantos nalika jamanipun Bagéndha 'Utsman dados Khalifah.

اغلظ عليهم aslinipun ateges *di santosa* utawi *di keras* utawi *di kenceng nganti ora kena dikalahaké déning dhèwèké*, inggih punika saking tembung غلظ الزرع ingkang tegesipun *tataneman kètèl lan kiyat* (LL). Milanipun nalika merdéni dhawuh وليجدوا فيكم غلظة, LL nerangaken kalayan mendhet waton saking TA makaten: *Lan supaya dhèwèké padha nemu nyatané yèn sira iku keras* utawi *santosa* utawi *anggigirisi lan linuwih ing aprang*. Dados Kanjeng Nabi punika kajawi kadhawuhan mumulang kalayan yeyektosan dhateng para kafir lan para lamis, ugi kadhawuhan ingkang kenceng dhateng para titiyang wau, supados sampun ngantos kedayan déning piyambakipun.

1074. Inggih punika badhé nyédani Kanjeng Nabi tuwin nyirnakaken Islam. Kanyataan saèstu para lamis sami boten kadumugèn sadaya ingkang kasedya.

mung amarga déné Allah lan Utusan-É anyugihaké dhèwèké saka lubèring paparing-É;[1075] mulané, manawa dhèwèké padha tobat, iku bakal becik tumrapé dhèwèké, lan manawa padha mléngos, Allah bakal aniksa dhèwèké kalawan siksa kang nglarani ing dalem donya lan akhirat, lan ana ing bumi padha ora duwé pangayoman lan ora (duwé) panulung.

أَنْ أَغْنٰهُمُ اللّٰهُ وَرَسُوْلُهٗ مِنْ فَضْلِهٖ ۚ
فَإِنْ يَّتُوْبُوْا يَكُ خَيْرًا لَّهُمْ ۚ وَإِنْ يَّتَوَلَّوْا
يُعَذِّبْهُمُ اللّٰهُ عَذَابًا أَلِيْمًا ۙ فِى الدُّنْيَا
وَالْاٰخِرَةِ ۚ وَمَا لَهُمْ فِى الْأَرْضِ مِنْ
وَّلِيٍّ وَّلَا نَصِيْرٍ ﴿٧٤﴾

75 Lan sawenèhé ana kang aprajanji marang Allah: Manawa Panjenengané amaringaké lubèring paparing-É marang aku, amasthi aku padha awèh dana lan amasthi aku dadi golongané para wong becik.

وَمِنْهُمْ مَّنْ عٰهَدَ اللّٰهَ لَئِنْ اٰتٰنَا مِنْ
فَضْلِهٖ لَنَصَّدَّقَنَّ وَلَنَكُوْنَنَّ مِنَ الصّٰلِحِيْنَ ﴿٧٥﴾

76 Lah bareng Allah amaringi dhèwèké saka lubèring paparing-É, ing kono banjur padha kumed sarta padha mléngos lan padha mundur.

فَلَمَّآ اٰتٰهُمْ مِّنْ فَضْلِهٖ بَخِلُوْا بِهٖ وَتَوَلَّوْا
وَّهُمْ مُّعْرِضُوْنَ ﴿٧٦﴾

77 Mulané Panjenengané anungka dhèwèké asarana andhèdhèki lalamisan ing sajroning ati-atinè, tumeka ing dina sapatemoné karo Panjenengané, amarga saka anggoné anyidrani Allah apa kang disanggemaké marang Panjenengané sarta amarga saka anggoné padha goroh.

فَأَعْقَبَهُمْ نِفَاقًا فِىْ قُلُوْبِهِمْ إِلٰى يَوْمِ
يَلْقَوْنَهٗ بِمَآ أَخْلَفُوا اللّٰهَ مَا وَعَدُوْهُ
وَبِمَا كَانُوْا يَكْذِبُوْنَ ﴿٧٧﴾

78 Apa dhèwèké padha ora weruh, yèn Allah iku Angudanéni pagedhonganė sarta rantamané kang winadi, apa déné yèn Allah iku Ingkang-Mahawikan ing samubarang kang tan katon?

أَلَمْ يَعْلَمُوْٓا أَنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ سِرَّهُمْ وَ
نَجْوٰىهُمْ وَأَنَّ اللّٰهَ عَلَّامُ الْغُيُوْبِ ﴿٧٨﴾

1075. Margi para Muslimin dudunung wonten ing Madinah, mahanani titiyangipun kitha Madinah sami kacekapan. Manawi makaten, nama anggumunaken sanget manawi para titiyang ingkang sami angsal kauntungan margi saking lslam wau, jebul sami milawani dhateng titiyang ingkang sampun suka kauntungan dhateng piyambakipun.

79 Para kang padha anyawadi marang para angèstu kang kalawan mulungé dhéwé anggoné adadana lan (marang) para kang padha tinemu ora bisa kajaba kalawan sakuwasané, dadi padha angguguyu marang dhèwèké; Allah males marang dhèwèké anggoné angguguyu sarta dhèwèké bakal olèh siksa kang nglarani.[1076]

اَلَّذِيْنَ يَلْمِزُوْنَ الْمُطَّوِّعِيْنَ مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ
فِي الصَّدَقٰتِ وَ الَّذِيْنَ لَا يَجِدُوْنَ اِلَّا
جُهْدَهُمْ فَيَسْخَرُوْنَ مِنْهُمْ ؕ سَخِرَ اللّٰهُ
مِنْهُمْ ۫ وَلَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ﴿۷۹﴾

80 Dhèwèké padha sira suwunna pangapura, utawa aja padha sira suwunaké pangapura; sanajan ta padha sira suwunaké pangapura rambah ing pitung puluh, lah ora bakal Allah angapura marang dhèwèké, amarga saka anggoné angafiri ing Allah lan Utusan-É, lan Allah iku ora anuntun ing wong kang padha murang yekti.[1077]

اِسْتَغْفِرْ لَهُمْ اَوْ لَا تَسْتَغْفِرْ لَهُمْ ؕ اِنْ
تَسْتَغْفِرْ لَهُمْ سَبْعِيْنَ مَرَّةً فَلَنْ يَّغْفِرَ
اللّٰهُ لَهُمْ ؕ ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ كَفَرُوْا بِاللّٰهِ وَ
رَسُوْلِهٖ ؕ وَ اللّٰهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْفٰسِقِيْنَ ﴿۸۰﴾

1076. Nalika dipun wontenaken urunan nglempakakaken arta kanggé waragad ngintunaken prajurit dhateng Tabuk, para Muslimin ingkang sugih-sugih sami suka urunan ingkang kathah. Para Muslimin ingkang mlarat-mlarat inggih boten kantun ing damel, tumut urun sakuwaosipun. Para lamis anggugujeng titiyang Muslimin kalih warni punika. Titiyang Muslimin ingkang sugih-sugih dipun wastani ngungasaken kasugihanipun, déné titiyang Muslimin mlarat dipun wastani bilih anggènipun karaya-raya tumut urun boten kètang sakedhik sanget, punika namung mamrih murih kalebet golonganipun para ingkang urun wudhu (Rz, AH). Tembung *sakhira* ing ayat punika mengku teges saminipun ingkang tumrap *yastahzi'u* ing 2: 15. Mirsanana 27.

1077. Sasambetan ruhani kaliyan para lamis wiwit ing wekdal punika kapedhot. Ambal kaping 70 ing ngriki, saged ugi boten ateges cacahing wilangan samanten wau. Bab kanggènipun tembung *sab'a* lan *sab'un*, mirsanana 46. Nanging Bkh ngriwayataken hadits ingkang nerangaken satunggaling lalampahan, ingkang nedahaken bilih nalika pejahipun Abdullah bin Ubaiy, ingkang sampun misuwur dados panuntuning para lamis punika, Kanjeng Nabi Suci nyuraos ayat wau kalayan walaka. Hadits punika dipun riwayataken lumantar saking Nafi' saking Ibnu 'Umar, saking 'Umar piyambak, asli saking sumber warni-warni malih, dados inggih kénging kaanggep nyata. Suraosipun makaten: "Nalika Abdullah bin Ubaiy tilar donya, anakipun jaler sowan dhateng Kanjeng Nabi sarta nyuwun agemipun rasukan, badhé dipun anggé ngulesi bapakipun. Kanjeng Nabi marengaken. Piyambakipun nyuwun malih supados Kanjeng Nabi kapareng nyalataken lan nyuwunaken pangapunten. Kanjeng Nabi Suci lajeng jumeneng, nanging Bagéndha 'Umar anggondhèli panjenenganipun lan boten nayogyani, jalaran Abdullah bin Ubaiy punika tiyang lamis sarta Gusti Allah sampun ngawisi Kanjeng Nabi nyalataken piyambakipun. Nanging Kanjeng Nabi maringi wangsulan bilih Gusti Allah sampun maringi wewenang milih dhateng panjenenganipun (kanthi nyebutaken ungeling dhawuh punika: *dhèwèké padha sira suwuna pangapura, utawa aja padha sira suwunaké pangapura*), sarta panjenenganipun badhé nyuwunaken pangapunten piyambakipun langkungipun saking rambah kaping pitungdasa, manawi sarana makaten punika piyambakipun saged kaparingan pangapunten. Panjenenganipun lajeng nyalataken." Kacariyos ayat 84 punika anggènipun katurunaken kagem ngawisi nyalataken mayitipun tiyang ingkang sampun kajuwara dados tiyang lamis.

RUKU' 11

Para titiyang lamis

81-87. Sasambetan ruhani sarta jasmani kaliyan para tiyang lamis dipun pedhot. 88, 89. Para angèstu sajati sarta pangurbananipun.

81 Para kang tininggal kari padha bungah, amarga saka anggoné thethenguk sapungkuré Utusaning Allah sarta padha gething yèn anderpatia ing dadalaning Allah kalawan bandhané lan awaké, tuwin padha calathu: Aja padha mangkat ing papanas. Calathua: Genining naraka iku luwih banget panasé. Yèn ta dhèwèké padha ngretia!

فَرِحَ الْمُخَلَّفُوْنَ بِمَقْعَدِهِمْ خِلٰفَ رَسُوْلِ اللّٰهِ وَكَرِهُوْٓا اَنْ يُّجَاهِدُوْا بِاَمْوَالِهِمْ وَاَنْفُسِهِمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ وَقَالُوْا لَا تَنْفِرُوْا فِي الْحَرِّ ۗ قُلْ نَارُ جَهَنَّمَ اَشَدُّ حَرًّا ۗ لَوْ كَانُوْا يَفْقَهُوْنَ ﴿٨١﴾

82 Mulané bakal padha sathithik angguyuné lan akèh nangisé, minangka wawales marang apa kang wus padha dilakoni.[1078]

فَلْيَضْحَكُوْا قَلِيْلًا وَّلْيَبْكُوْا كَثِيْرًا ۚ جَزَآءًۢ بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ﴿٨٢﴾

Ut. *amba-likaké*

Ar. *metu*

83 Mulané, manawa Allah *angulihaké* sira katemu papanthan golongané, (sarta) dhèwèké padha anjaluk palilah arep *mangkat*, lah sira wangsulana: ora pisan sira bakal mangkat karo aku, salawasé, lan ora pisan sira bakal merangi mungsuh karo aku; sayekti sira iku dhèk sapisanané dhemen thethenguk, mulané saiki padha thethenguka karo wong kang padha kèri.[1079]

فَاِنْ رَّجَعَكَ اللّٰهُ اِلٰى طَآئِفَةٍ مِّنْهُمْ فَاسْتَأْذَنُوْكَ لِلْخُرُوْجِ فَقُلْ لَّنْ تَخْرُجُوْا مَعِيَ اَبَدًا وَّلَنْ تُقَاتِلُوْا مَعِيَ عَدُوًّا ۗ اِنَّكُمْ رَضِيْتُمْ بِالْقُعُوْدِ اَوَّلَ مَرَّةٍ فَاقْعُدُوْا مَعَ الْخٰلِفِيْنَ ﴿٨٣﴾

Lalampahan punika nedahaken sapinten genging paramarta saha ambeg apuranipun Kanjeng Nabi dhateng mengsah-mengsahipun ingkang ageng. Abdullah bin Ubaiy punika tiyang ingkang sajegipun gesang nuntuni gerakan lalamisan lumawan panjenenganipun; dados piyambakipun punika boten namung nama salah satunggaling mengsahipun Kanjeng Nabi Suci ingkang ageng kémawon, nanging ugi tiyang ingkang sakalangkung ambabayani, awit piyambakipun punika tiyang ingkang mangertos sadaya uthek-kliweripun titiyang Muslimin tuwin nyidrani dhateng titiyang Muslimin ing kalanipun wonten ing salebeting wekdal ingkang ambabayani. Suprandéné Kanjeng Nabi Suci kepéngin sanget ngapunten sadaya dosanipun.

1078. فَلْيَضْحَكُوْا lan وَّلْيَبْكُوْا punika wantahipun ateges: dhèwèké padha angguguyua lan padha nangisa. Nanging sasambetanipun ukara ing ngajeng tuwin ing wingkingipun anedahaken bilih tembung punika anggambaraken kawontenan ingkang badhé sinandhang déning para titiyang wau.

1079. Kalayan dhawuh punika sasambetan dunyawi kaliyan para lamis kapedhot. Kedah dipun

84 Lan salawasé aja pisan sira anyalataké salah sawiji saka golongané, kang mati, lan aja sira ngadeg ing kuburé; sayekti dhèwèké iku padha angafiri marang Allah lan Utusan-É, sarta bakal padha mati *sajroné* murang yekti.[1080]

Ar. *sarta dhèwèké padha wong*

وَلَا تُصَلِّ عَلَىٰٓ أَحَدٍ مِّنۡهُم مَّاتَ أَبَدٗا
وَلَا تَقُمۡ عَلَىٰ قَبۡرِهِۦٓۖ إِنَّهُمۡ كَفَرُواْ بِٱللَّهِ
وَرَسُولِهِۦ وَمَاتُواْ وَهُمۡ فَٰسِقُونَ ٨٤

---

pèngeti bilih inggih namung punika kémawon pidana ingkang katumrapaken dhateng para lamis, inggih punika ing wekdal ingkang badhé dhateng boten sami dipun parengaken tumut umangsah prang lumawan mengsah-mengsahipun para Muslimin. Wonten riwayat ingkang nyariyosaken, bilih Kanjeng Nabi tuwin Khalifah Abu Bakar, ‘Umar lan ‘Utsman ing sapengkeripun Kanjeng Nabi, sami boten karsa nampèni zakat saking Sa’labah, inggih punika salah satunggaling tiyang lamis, ngantos sapejahipun Sa’labah wau nalika jaman Khalifahipun Bagéndha ‘Utsman. Cariyosipun Sa’labah wau déning para mufassirin kasebutaken nalika sami nafsiri ayat 75. Ayat 103 ugi saged dipun suraos makaten wau. Mirsanana 1092. Ngemungaken punika kémawon, pituna ingkang kasandhang déning para lamis (manawi punika kénging winastan “pituna”). Para titiyang wau boten kaanggep warganing Umat Islam, nanging anggènipun dados kawulaning praja (tiyang ingkang dudunung wonten ing satunggaling nagari = penduduk. *Mal*.), para lamis wau sami angsal wewenang sami kaliyan wewenangipun tiyang sanès-sanèsipun.

1080. Wonten ing ngriki sadaya mufassirin sami nyariyosaken cariyosipun Abdullah bin Ubaiy, bénggoling para lamis ing Madinah. Wonten sawenèh hadits ingkang suraosipun kémawon nyariyosaken, bilih nalika Abdullah bin Ubaiy wau sampun andungkap badhé pejah, gadhah panyuwun dhateng Kanjeng Nabi supados maringaken agemipun rasukan, badhé dipun anggé ules manawi sampun pejah, sarta nyuwun supados Kanjeng Nabi karsa nyalataken piyambakipun. Kanjeng Nabi karsa minangkani panyuwunipun ingkang angka satunggal wau sarta lajeng maringaken agemipun rasukan, nanging panjenenganipun boten karsa minangkani panyuwunipun ingkang angka kalih, margi sulaya kaliyan dhawuhing Pangéran punika (Rz). Nanging kula aturi mirsani 1077, ingkang anedahaken, bilih Kanjeng Nabi nindakaken saèstu upacaraning ngupakara mayit (nyalataken lan nyuwunaken pangapunten) dhateng mayitipun Abdullah bin Ubaiy wau, sarta ingkang anedahaken bilih tumurunipun ayat punika langkung kantun. Tiyang ingkang boten purun mraduli gelar yakti ingkang kasebut ing babad, mesthi lajeng nacad dhateng Kanjeng Nabi déné boten karsa minangkani panyuwun wau; makaten punika manawi kapara nyata panjenenganipun boten karsa minangkani saèstu. Nanging wonten bukti-bukti ingkang kénging pinitados, ingkang nedahaken bilih boten kados makaten punika nyatanipun. Kajawi punika, Kanjeng Nabi karsa maringaken agemipun rasukan dhateng tiyang ingkang salamining gesang tansah nununtun gerakan winados milawani dhateng panjenenganipun, tuwin tansah ngangkah tumpes saha asoripun Umat Islam, punika pranyata satunggaling pandamel ingkang tuwuh saking luhuring budi, ingkang boten wonten saminipun wonten ing sugengipun tiyang ageng sanèsipun. Déné awisan nyalataken mayitipun tiyang munafék punika menggah sababipun ugi sampun katerangaken pisan wonten ing ayat ingkang ngawisi wau, inggih punika: *Sayekti dhèwèké iku padha angafiri marang Allah lan Utusan-É*. Kalayan dhawuh punika Kanjeng Nabi kaparingan wartos bilih para titiyang munafék wau manahipun sami kafir, milanipun kedah boten dipun rengkuh kados déné tiyang Muslimin, jalaran nyalataken mayit miturut Islam, punika namung tumrap mayitipun tiyang Muslim, boten tumrap tiyang kafir. Salajengipun nitik dhawuh ing ayat punika, tétéla manawi para titiyang ingkang sampun kasumerepan anggènipun lalamisan, punika boten kaukum pejah utawi pinejahan wonten ing paprangan nanging lastantun gesang ngantos sapejahipun, pejah limrah. Lalampahanipun Abdullah bin Ubaiy, ingkang pejah nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi, tuwin lalampahanipun Sa’labah, ingkang pejah nalika jaman papréntahanipun Khalifah’ Utsman, punika sampun cekap kanggé ambuktèkaken punika. Boten wonten pèngetan satunggal kémawon, ingkang nyariyosaken bilih naté wonten tiyang lamis ingkang kaukum pejah. Ngadeg wonten ing kubur, punika ingkang dipun karsakaken caranipun Kanjeng Nabi samangsa nyalataken mayit sarana jumeneng wonten ing kuburipun mayit ingkang dipun salataken, ing sarampungipun mayit kakubur (Aj-Rz).

85 Lan aja anggawokaké marang sira bandhané lan anak-anaké; iku karsaning Allah mung kagem sarana aniksa dhèwèké ing donya, sarta supaya bakal pecating jiwané dhèwèké isih padha wong kafir.

وَلَا تُعْجِبْكَ أَمْوَالُهُمْ وَأَوْلَادُهُمْ ۚ إِنَّمَا
يُرِيدُ اللَّهُ أَنْ يُعَذِّبَهُمْ بِهَا فِي الدُّنْيَا
وَتَزْهَقَ أَنْفُسُهُمْ وَهُمْ كَافِرُونَ ﴿٨٥﴾

Ut. *bab*

86 Lan samangsa *surat* tinurunaké andhawuhaké: Padha angèstokna ing Allah sarta padha anderpatia anyartani Utusan-É, sawenèhé kang kasérénan kasugihan padha anjaluk pamit marang sira sarta calathu: Mugi kula katilar kémawon, kajengipun angancani ingkang sami thethenguk punika.

وَإِذَا أُنْزِلَتْ سُورَةٌ أَنْ آمِنُوا بِاللَّهِ
وَجَاهِدُوا مَعَ رَسُولِهِ اسْتَأْذَنَكَ أُولُو
الطَّوْلِ مِنْهُمْ وَقَالُوا ذَرْنَا نَكُنْ مَعَ الْقَاعِدِينَ ﴿٨٦﴾

87 Dhèwèké padha seneng yèn anyartanana para kang padha kari, sarta wus diecap ana ing ati-atiné, mulané padha ora mangerti.

رَضُوا بِأَنْ يَكُونُوا مَعَ الْخَوَالِفِ وَطُبِعَ
عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ فَهُمْ لَا يَفْقَهُونَ ﴿٨٧﴾

88 Ananging utusan lan para kang padha angèstu, kanthiné, padha anderpati kalawan bandhané lan awaké; lan ya iki kang bakal padha olèh barang becik-becik, lan yaiki kang bakal padha begja.

لَٰكِنِ الرَّسُولُ وَالَّذِينَ آمَنُوا مَعَهُ
جَاهَدُوا بِأَمْوَالِهِمْ وَأَنْفُسِهِمْ ۚ وَأُولَٰئِكَ
لَهُمُ الْخَيْرَاتُ ۖ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ﴿٨٨﴾

Ar. *ngisoré*

89 Allah wus anyadhiyani patamanan marang dhèwèké, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, dimèn padha manggon ing kono; iku pakolèh kang gedhé.

أَعَدَّ اللَّهُ لَهُمْ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا
الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا ۚ ذَٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ ﴿٨٩﴾

RUKU' 12

Para titiyang lamis

90. Pawadanipun para Arab ing saganten wedhi ingkang boten nyata. 91, 92. Sinten ingkang kénging dipun puwung? 93–96. Pawadan ingkang boten nyata. 97–99. Titiyang Arab saganten wedhi kalih pantha.

Dados dhawuh punika boten ngawisi manawi tiyang namung lugu ngadeg wonten ing kuburan. Nyalataken, punika sajatosipun ingkang dipun awisi ing ngriki.

Ut. *ngaturaké pawadan*

90 Lan kang padha *anglirwakaké*,[1081] yaiku wong-wong sagara wedhi,[1082] padha teka, amrih padha diwènèhna pamit lan para kang padha anggorohaké Allah lan Utusan-É padha thethenguk (ing omah); golongané, para kang padha kafir, bakal ditibani siksa kang nglarani.

وَجَآءَ ٱلۡمُعَذِّرُونَ مِنَ ٱلۡأَعۡرَابِ لِيُؤۡذَنَ
لَهُمۡ وَقَعَدَ ٱلَّذِينَ كَذَبُواْ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥۚ
سَيُصِيبُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ مِنۡهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٞ ٩٠

Ut. *ora dadi apa*
Ar. *lan ora ... ingatasé*

91 *Ora pisan* ala ingatasé wong apes, *lan* wong-wong lara, *lan* para kang padha kasepèn waragad (yèn ta padha karia) samangsané padha tulus marang Allah lan Utusan-É: Ora ana dalan (kanggo angalakaké) marang wong kang padha agawé becik (ing liyan); lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih;

لَّيۡسَ عَلَى ٱلضُّعَفَآءِ وَلَا عَلَى ٱلۡمَرۡضَىٰ وَلَا
عَلَى ٱلَّذِينَ لَا يَجِدُونَ مَا يُنفِقُونَ حَرَجٌ
إِذَا نَصَحُواْ لِلَّهِ وَرَسُولِهِۦۚ مَا عَلَى
ٱلۡمُحۡسِنِينَ مِن سَبِيلٖۚ وَٱللَّهُ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ٩١

92 Lan (iya) ora pisan (ala) ing atasé para kang, nalika tumeka marang sira amrih padha sira emota, padha sira kandhani: Aku ora bisa olèh saranané kanggo angemot sira;[1083] dhèwèké padha

وَلَا عَلَى ٱلَّذِينَ إِذَا مَآ أَتَوۡكَ لِتَحۡمِلَهُمۡ
قُلۡتَ لَآ أَجِدُ مَآ أَحۡمِلُكُمۡ عَلَيۡهِ تَوَلَّواْ

1081. Manut sawenèh ngulami, ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika titiyang pancer Asad tuwin Gathfan; miturut ngulami sanès malih: gotrahipun Amr Ibnu-th-Thufail. Tembung *mu'adhdhir* punika saged dados tembung aran ririmbagan saking tembung '*adhdhara* ingkang jawinipun: *lirwa*, *alangan boten dhateng, nglirwakaken satunggaling prakawis, damel pawadan boten dhateng*; utawi *éwah-éwahan* saking *mu'tadhir*, saking *i'tadhara*, ingkang tegesipun *nyuwun pamit margi wonten alangan* utawi *ngaturaken pawadan*. Ingkang kasebut rumiyin, punika mesthi pawadan damel-damelan, déné ingkang kasebut kantun, saged ugi nyata saged ugi damel-damelan (Rz, Kf).

1082. *Al-A'râb* punika tembung aran ingkang kanggé namakaken sabangsa, sajinis, sagolongan (kacariyosaken déning Az tembung wau jama'-ipun tembung *a'râbiyy* (LL), tegesipun: *tiyang ingkang dudunung wonten ing saganten wedhi ing tanah Arab, ingkang asring pindhah-pindhah panggénan ngupados ron-ronan tuwin toya, sami ugi punapa bangsa Arab punapa tilas kawula tumbasan*, béda kaliyan tembung '*Arab*, ingkang tegesipun *tiyang turunan bangsa Arab tulèn* (Az-LA). Ngulami punika ugi mewahi katrangan makaten: "Tiyang Muhajir (sahabat Nabi ingkang lumajeng saking Makkah, ngungsi dhateng Madinah karana nyingkiri panganiaya) tuwin tiyang Anshar (sahabat ingkang sami tutulung ing Kanjeng Nabi ing Madinah), punika sami boten kénging kawastanan *A'râb*; para titiyang wau *'Arab*, jalaran sami gigriya wonten ing kitha-kithanipun tanah Arab sarta sami dudunung kalayan tetep wonten ing kitha-kitha.

1083. Sampun cetha bilih barang ingkang kabetahaken kanggé kaperluanipun nglurug, nanging ingkang boten saged dipun cekapi déning Kanjeng Nabi, punika kéwan kanggé tutumpakan tuwin kanggé momot sangunipun tedha tuwin kabetahan sanès-sanèsipun (AH). Nanging sawenèh mufassirin nyuraos: ingkang dipun suwun punika rejeki ingkang kanggé sangu, mufassir sanès malih mastani bilih ingkang kabetahaken punika "sepatu tuwin tarumpah" kanggé kekésahan tebih (AH).

bali kalawan mripaté andarojos luhé amarga saka susahé, déné padha ora éntuk apa kang dienggo waragad.

وَّأَعْيُنُهُمْ تَفِيضُ مِنَ الدَّمْعِ حَزَنًا أَلَّا
يَجِدُوا مَا يُنفِقُونَ ﴿٩٢﴾

93 Dalan (kanggo ngalakaké) iku mung tumrap marang para kang padha anjaluk pamit marang sira, sanajan padha sugih; padha dhemen anyartani para kang padha kari, lan Allah wis angecap ing ati-atiné, mulané dhèwèké padha ora weruh.

إِنَّمَا السَّبِيلُ عَلَى الَّذِينَ يَسْتَأْذِنُونَكَ
وَهُمْ أَغْنِيَاءُ ۚ رَضُوا بِأَن يَكُونُوا
مَعَ الْخَوَالِفِ وَطَبَعَ اللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ
فَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٩٣﴾

JUZ XI

94 Dhèwèké bakal padha angandhakaké santolan marang sira samangsa padha bali katemu dhèwèké. Calathua: Aja padha angandhakaké santolan, ora bakal aku padha ngandel marang sira; temen Allah wus martani marang aku prakara kaananira, sarta Allah lan Utusan-É bakal amriksani panggawénira; tumuli sira bakal padha dibalèkaké marang Ingkang-Angudanèni barang kang tan katon lan kang katon; lah Panjenengané bakal amartani sira apa kang wus padha sira lakoni.[1084]

يَعْتَذِرُونَ إِلَيْكُمْ إِذَا رَجَعْتُمْ إِلَيْهِمْ ۚ
قُل لَّا تَعْتَذِرُوا لَن نُّؤْمِنَ لَكُمْ قَدْ
نَبَّأَنَا اللَّهُ مِنْ أَخْبَارِكُمْ ۚ وَسَيَرَى اللَّهُ
عَمَلَكُمْ وَرَسُولُهُ ثُمَّ تُرَدُّونَ إِلَىٰ عَالِمِ
الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَيُنَبِّئُكُم بِمَا
كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٩٤﴾

95 Dhèwèké bakal padha sepata kalawan (nyebut asmaning) Allah marang sira samangsa sira padha bali katemu dhèwèké, amrih sira padha méngoa saka dhèwèké; sayekti dhèwèké iku jember lan panggonané naraka: wawales tumrap apa kang wus padha dilakoni.[1085]

سَيَحْلِفُونَ بِاللَّهِ لَكُمْ إِذَا انقَلَبْتُمْ إِلَيْهِمْ
لِتُعْرِضُوا عَنْهُمْ ۖ فَأَعْرِضُوا عَنْهُمْ ۖ إِنَّهُمْ
رِجْسٌ ۖ وَمَأْوَاهُمْ جَهَنَّمُ جَزَاءً بِمَا
كَانُوا يَكْسِبُونَ ﴿٩٥﴾

1084. Sampun terang bilih ayat-ayat punika anggènipun katurunaken salebetipun Kanjeng Nabi boten wonten ing Madinah, awit saking punika pratélan ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat-ayat punika nama piweca, sarta kanyataannipun kalampahan saèstu nalika panjenenganipun kondur dhateng Madinah.

1085. Muqâtil nerangaken bilih Abdullah bin Ubaiy tuwin Ibnu Abi Sarh sami sumpah, bilih boten

96 Dhèwèké bakal padha sepata marang sira, amrih sira padha apirena marang dhèwèké; ananging manawa sira apirena marang dhèwèké, lah sayekti Allah iku ora rena marang wong kang padha murang yekti.

يَحْلِفُونَ لَكُمْ لِتَرْضَوْا عَنْهُمْ ۚ فَإِنْ تَرْضَوْا عَنْهُمْ فَإِنَّ اللّٰهَ لَا يَرْضٰى عَنِ الْقَوْمِ الْفٰسِقِيْنَ ﴿٩٦﴾

97 Para wong segara wedhi iku luwih abanget ing kakafirané lan lalamisané, lan luwih mungguh yèn ta padha ora weruha wawates kang kadhawuhaké déning Allah marang Utusan-É; lan Allah iku Angudanèni, Wicaksana.

اَلْاَعْرَابُ اَشَدُّ كُفْرًا وَّ نِفَاقًا وَّ اَجْدَرُ اَلَّا يَعْلَمُوْا حُدُوْدَ مَآ اَنْزَلَ اللّٰهُ عَلٰى رَسُوْلِهٖ ؕ وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ﴿٩٧﴾

98 Lan sawenèhé wong ing sagara wedhi ana sing nganggep *kapitunan* marang apa sing diwèwèhaké, sarta padha angadhang-adhang giliraning (ala) tumiba ing sira: (bakal) tumiba ing dhèwèké giliraning ala iku; lan Allah iku Amiyarsa, Angudanèni.[1086]

Ut. *dhen-dhan*

وَمِنَ الْاَعْرَابِ مَنْ يَّتَّخِذُ مَا يُنْفِقُ مَغْرَمًا وَّ يَتَرَبَّصُ بِكُمُ الدَّوَآئِرَ ؕ عَلَيْهِمْ دَآئِرَةُ السَّوْءِ ؕ وَاللّٰهُ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ﴿٩٨﴾

99 Lan sawenèhé wong ing sagara wedhi ana sing angèstu ing Allah lan dina akhir sarta anganggep apa sing diwèwèhaké minangka (saranané) pamarek ing

وَمِنَ الْاَعْرَابِ مَنْ يُّؤْمِنُ بِاللّٰهِ وَ الْيَوْمِ الْاٰخِرِ وَيَتَّخِذُ مَا يُنْفِقُ قُرُبٰتٍ

---

badhé kantun wonten griya samangsa ing bénjing wadyabala Muslimin nglurug malih (AH).

Anggènipun sami mamrih para Muslimin sami *méngo saking piyambakipun*, punika ngemu sedya supados boten sami netah pakartinipun ingkang boten burus punika (Rz, AH). Déné para Muslimin kadhawuhan méngo saking para titiyang munafék, punika kalayan mengku raos medhot sasambetan kaliyan para titiyang wau (I'Ab-Rz). Kacariyos nalika kondur saking Tabuk Kanjeng Nabi ngawisi para Muslimin sasatungan ing bab prakawis punapa kémawon kaliyan para lamis. Awisan punika andhèrèk sabda pangandika Quran ingkang katurunaken salebetipun panjenenganipun tindakan, kados déné ingkang kacetha ing ayat 83 lan 84.

1086. *Magram* lan *garm* (*barang ingkang kedah dipun tetepi pambayaripun*, LL), punika miturut Rgh ateges: pituna ingkang dipun sandhang ing tiyang tumrap bandhanipun, nanging ingkang boten margi lepatipun utawi cidranipun piyambak. Karana damel gelar, para lamis sami urun wudhu sawatawis sanajan anggènipun urun wudhu wau kanthi panganggep nandhang pituna. Miturut satengah ngulami pawèwèh ing ngriki arta zakat. Titiyang pancer *Asad, Gathfan*, tuwin *Tamîm* ajeg suka urunan lan ambayar zakat (AH).

Dâirah aslinipun mengku teges: *mubeng*. Déné mila *kacilakan* winastan *dâirah*, jalaran kacilakan makaten anglimputi ing tiyang saking pundi-pundi arah. Utawi tembung wau ateges *gilir-gumantosing pepesthèn*, saking tembung *dâra*, tegesipun *ambalik* (*bali*). *Dâiratu-s-sau'*: *bilai ingkang dhumawah lan adamel risak* (Msb-LL). Pangandika punika, pangandika piweca.

ngarsaning Allah sarta pandongané Utusan; Allah bakal anglebokaké dhèwèké marang ing wilasa-Né; sayekti Allah iku Aparamarta Mahaasih.

عِنْدَ اللّٰهِ وَصَلَوٰتِ الرَّسُوْلِ ۗ اَلَآ اِنَّهَا قُرْبَةٌ لَّهُمْ ۗ سَيُدْخِلُهُمُ اللّٰهُ فِيْ رَحْمَتِهٖ ۗ اِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٩٩﴾

RUKU' 13

Para titiyang lamis

100. Tuladha utami saking para ingkang ngungsi nilar griyanipun sarta saking para ingkang mitulungi. 101. Para angèstu dipun paringi prakawis para tiyang lamis ing Madinah dalah sakiwa tengenipun. 102-106. Sawenèhipun, sasampuning papriksan, dipun apunten. 107-110. Tiyang ingkang sami yasa Masjid kanggé ngedegaken piawon.

100 Lan para kang padha andhisiki, wiwit-wiwitané para *Muhajirin lan Anshâr*,[1087] lan para kang padha manut dhèwèké ing kabecikan, Allah apirena ing dhèwèké lan dhèwèké padha apirena ing Panjenengané sarta Panjenengané anyadhiyani patamanan marang dhèwèké, kang ing *jeroné* kalikaliné padha mili, dimèn padha manggon ing kono salawasé; iku pakolih kang agung.

Ar. *ngisoré*

وَالسّٰبِقُوْنَ الْاَوَّلُوْنَ مِنَ الْمُهٰجِرِيْنَ وَالْاَنْصَارِ وَالَّذِيْنَ اتَّبَعُوْهُمْ بِاِحْسَانٍ ۙ رَّضِيَ اللّٰهُ عَنْهُمْ وَرَضُوْا عَنْهُ وَاَعَدَّ لَهُمْ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ تَحْتَهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اَبَدًا ۗ ذٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ﴿١٠٠﴾

101 Lan sawenèhé para wong wonging sagara wedhi ing sakiwa tengenira , iku para wong lamis[1088]

وَمِمَّنْ حَوْلَكُمْ مِّنَ الْاَعْرَابِ مُنٰفِقُوْنَ ۛ

1087. Tembung *muhâjirin* punika *jama'*-ipun tembung *muhâjir*, tegesipun wantah: *tiyang ingkang ngungsi* utawi *nilar balé griyanipun*; déné *anshâr* punika *jama'*-ipun *nâshir*, tegesipun *tiyang ingkang tutulung*. Ing babad Islam, tembung *muhâjir* punika mengku teges sadaya sahabat Nabi ingkang sasampunipun ngrasuk agami lslam ing Makkah, lajeng nilar griyanipun, ngungsi dhateng nagari Habasyah utawi dhateng Madinah. Ngungsi dhateng Madinah, ingkang katindakaken mèh sadaya tiyang Muslimin ing Makkah, punika misuwuripun winastan Hijrah, sarta inggih wiwit kala punika wiwitipun taun Islam. Déné tembung *Anshâr* punika ateges titiyang Muslimin ing Madinah, ingkang manjingipun Islam sadèrèngipun Hijrah, ingkang lajeng suka pangayoman para ingkang sami ngungsi saking nagari Makkah. Nanging ing bab punika inggih wonten béda-bédaning pamanggih sawatawis. Abu Musa tuwin ngulami sanès-sanèsipun malih ngandikakaken, bilih katerangan ingkang katerangaken ing ngriki punika mawi kawatesan: sadaya tiyang ingkang salatipun ngadhepaken *Qiblah* kalih (inggih punika tiyang ingkang ngrasukipun lslam sadèrèngipun santun *Qiblah*, ingkang kalampahanipun nalika nem wulan ing sasampunipun Hijrah). 'Atha matesi: sadaya tiyang ingkang meningi perang Badar. ingkang kalampahanipun mèh nunggil wekdal kaliyan santunipun *Qiblah*. Syi'bi gadhah pamanggih bilih ingkang dipun karsakaken punika sadaya ingkang sami tumut *Bai'atu-r-Ridwân*, inggih punika prasetya ing Hudaibiyyah nalika taun ingkang kaping nenem Hijrah (AH, Rz). Déné pamanggihipun ngulami ingkang kathah-kathah, mastani bilih ingkang dipun

1088. *Mirsanana kaca candhakipun.*

lan sawenèhé wong-wonging kutha Madinah (mangkono uga); dhèwèké padha ambrekunung ing lalamisan; sira ora weruh marang dhèwèké;[1089] Ingsun Angudanèni marang dhèwèké. Ingsun bakal aniksa dhèwèké rong rambahan,[1090] tumuli bakal padha dibalèkaké marang siksa kang gedhé.

وَمِنْ أَهْلِ الْمَدِينَةِ ۛ مَرَدُوا عَلَى
النِّفَاقِ ۛ لَا تَعْلَمُهُمْ ۖ نَحْنُ نَعْلَمُهُمْ ۚ
سَنُعَذِّبُهُم مَّرَّتَيْنِ ثُمَّ يُرَدُّونَ إِلَىٰ
عَذَابٍ عَظِيمٍ ﴿١٠١﴾

102 Lan liyané iku padha angakoni kaluputané;[1091] dhèwèké padha angemor panggawé becik karo *panggawé* ala; mbok manawa-manawa Allah bakal bali (wilasa-Né) marang dhèwèké; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

Ar. *liyané*

وَآخَرُونَ اعْتَرَفُوا بِذُنُوبِهِمْ خَلَطُوا
عَمَلًا صَالِحًا وَآخَرَ سَيِّئًا عَسَى اللَّهُ أَن
يَتُوبَ عَلَيْهِمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٠٢﴾

103 Tampanana bandhané dumunung dana, iku sira anggoa anucèni dhèwèké lan angresikaké dhèwèké, apa déné sira andongakna dhèwèké; sayekti donganira iku anentremaké dhèwèké; lan Allah iku Amiyarsa, Angudanèni.[1092]

خُذْ مِنْ أَمْوَالِهِمْ صَدَقَةً تُطَهِّرُهُمْ
وَتُزَكِّيهِم بِهَا وَصَلِّ عَلَيْهِمْ ۖ إِنَّ صَلَاتَكَ
سَكَنٌ لَّهُمْ ۗ وَاللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿١٠٣﴾

---

karsakaken punika sadaya sahabatipun Kanjeng Nabi Suci, déné "para kang padha manut dhèwèké ing kabecikan," punika ingkang dipun karsakaken para Muslimin ing sapengkeripun para sahabat tuwin ingkang sami manut tindakipun ingkang saé (Rz).

1088. Pancer-pancer Juhainah, Aslam, Asyja', tuwin Ghafar ing nalika wekdal punika sami makuwon wonten ing sacelakipun Madinah (Kf).

1089. Boten resiking manah, boten wonten manusa ingkang saged nyumerepi, nanging wawadosing manah punika kaudanèn déning Allah. Nanging inggih kalampahan, para lamis wau kapisah saking antawisipun para Muslimin, ing sasampunipun sami campur pasrawunganipun ngantos sawatawis dangu laminipun.

1090. Para lamis, wontenipun ing donya punika nandhang pidana kalih rambahan. Sapisan piyambakipun sami ngedalaken artanipun kanggé wudhu rumeksa kawilujenganipun umat Islam sarta boten kètang sakedhik inggih tumut gugur gunung makarya kanggé kaperluan rumeksa wau, makaten ugi tumut bayar zakat; sadaya punika cengkah kaliyan kayakinanipun tuwin anggènipun katindakaken kalayan boten mawi tumelunging manahipun: lah punika terang dados tuking siksa tumrap para lamis wau. Kaping kalihipun, sasampunipun sami nandhang siksa makaten punika, ingkang pamrihipun murih piyambakipun sami kagolongaken umat Islam, wasananipun para lamis wau sami kapisah saking antawisipun para Muslimin. Dipun riwayataken, bilih ing salebetipun khuthbah Jumu'ah, Kanjeng Nabi Suci mastani nama-namanipun para lamis wau, temahan para lamis kapeksa sami madal pasilan kanthi dados titingalanipun titiyang kathah. Lah anggènipun nandhang wirang wonten ing sangajenging tiyang kathah, punika cetha manawi dados siksa ageng tumrap para titiyang munafèk wau (IJ).

1091. Miturut hadits, warni-warni anggènipun nyebutaken cacahipun tiyang punika, inggih punika tiga dumugi sadasa. Para titiyang punika sami ikhlas (tulus) lan sami ngakeni lepatipun.

1092. Margi sami mintonaken kaikhlasanipun nalika sami ngakeni lepatipun wau, mila para

104 Apa ta padha ora weruh, yèn Allah iku anampèni pitobat saka kawula-Né sarta anampi dana-danané, lan yèn Allah iku Ingkang Tansah bola bali (ing wilasa), Ingkang-Mahaasih?

أَلَمْ يَعْلَمُوٓا أَنَّ اللَّهَ هُوَ يَقْبَلُ التَّوْبَةَ
عَنْ عِبَادِهِۦ وَيَأْخُذُ الصَّدَقٰتِ وَأَنَّ اللَّهَ
هُوَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ١٠٤

105 Lan acalathua: Padha tumandanga; tumuli Allah bakal amriksani panggawénira lan (mangkono uga) Utusan-É sarta para angèstu; lan sira bakal padha dibalèkaké marang ingkang Anguningani barang kang ora katon lan kang katon, tumuli Panjenengané bakal amartani sira ing barang kang wus padha sira lakoni.

وَقُلِ اعْمَلُوا فَسَيَرَى اللَّهُ عَمَلَكُمْ
وَرَسُولُهُۥ وَالْمُؤْمِنُونَ ۖ وَسَتُرَدُّونَ إِلَىٰ
عٰلِمِ الْغَيْبِ وَالشَّهٰدَةِ فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا
كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ١٠٥

Ut. *lan* 106 *Déné* liya-liyané, padha disrantèkaké ing paréntahing Allah, apa ta Panjenengané arsa aniksa dhèwèké lan apa ta Panjenengané arsa bali (wilasa-Né) marang dhèwèké; lan Allah iku Angudanèni, Wicaksana.[1093]

وَءَاخَرُونَ مُرْجَوْنَ لِأَمْرِ اللَّهِ إِمَّا يُعَذِّبُهُمْ
وَإِمَّا يَتُوبُ عَلَيْهِمْ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ١٠٦

107 Lan para kang padha angedegaké masjid karana amrih karusakan lan kakafiran tuwin pepecahan antaraning para angèstu, apa déné minangka pandho-

وَالَّذِينَ اتَّخَذُوا مَسْجِدًا ضِرَارًا وَ
كُفْرًا وَتَفْرِيقًا بَيْنَ الْمُؤْمِنِينَ وَإِرْصَادًا

titiyang wau dipun rengkuh kalayan alus. Anggènipun suka dana boten katulak, sarta Kanjeng Nabi kadhawuhan mundhut sapéranganing arta bandhanipun kanggé dadana. Ing ngriki kapangandikakaken, bilih anggèning dananipun para titiyang wau katampi déning Kanjeng Nabi, punika saged nucèkaken piyambakipun saking awon, sarta anggènipun Kanjeng Nabi andongakaken para titiyang wau, mahanani tentrem tumrap piyambakipun. Lah punika satunggaling tuladha tumamaning pitulung utawi syafa'atipun Kanjeng Nabi Suci tumrap para pandhèrèkipun. Dhawuh pangandika punika ugi anedahaken, bilih zakatipun tiyang munafék, punika boten katampi, kados déné ingkang sampun naté katerangaken ing ngajeng.

1093. Miturut I'Ab tuwin sanès-sanèsipun, ingkang dipun karsakaken ayat punika tiyang mukmin titiga ingkang boten purun tumut bidhal kaliyan wadyabala Muslimin, inggih punika Ka'b bin Mâlik, Halal bin Umayyah, tuwin Marârah bin Rabi'. Nanging sawenèh inggih wonten ingkang nyuraos bilih ingkang dipun karsakaken ing ayat punika para munafék umurnipun. Sawenèh malih nyuraos bilih ingkang dipun karsakaken punika para lamis ingkang damel masjid, kados ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat candhakipun, utawi para pancer munafék ingkang nalika ing wekdal wau dèrèng dipun dhawuhaken kawontenanipun (AH).

dhotan tumrap wong kang dhèk anu amerangi Allah lan Utusan-É; lan sayekti dhèwèké bakal padha sepata: Aku padha ora duwé karep liya kajaba becik; lan Allah iku aneksèni yèn satemené dhèwèké iku padha wong goroh.[1094]

لِّمَنْ حَارَبَ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ مِنْ قَبْلُ ؕ
وَلَيَحْلِفُنَّ اِنْ اَرَدْنَاۤ اِلَّا الْحُسْنٰى ؕ وَ
اللّٰهُ يَشْهَدُ اِنَّهُمْ لَكٰذِبُوْنَ ﴿۱۰۷﴾

108 Aja anjenengi ing kono salawasé; sayekti, masjid kang tinalesan ing bekti saking dina wiwitan pisan iku luwih prayoga yèn ta sira anjumenengana ing kono; ing kono ana wong-wongé kang padha dhemen yèn ta padha disucènana; lan Allah iku remen marang wong kang padha nucèni diriné.[1095]

لَا تَقُمْ فِيْهِ اَبَدًا ؕ لَمَسْجِدٌ اُسِّسَ
عَلَى التَّقْوٰى مِنْ اَوَّلِ يَوْمٍ اَحَقُّ اَنْ
تَقُوْمَ فِيْهِ ؕ فِيْهِ رِجَالٌ يُّحِبُّوْنَ اَنْ
يَّتَطَهَّرُوْا ؕ وَاللّٰهُ يُحِبُّ الْمُطَّهِّرِيْنَ ﴿۱۰۸﴾

Ut. *anjaga dhiri saka pidananing*

109 Lah apa ta kang analesi yayasané kalawan *bekti maring* Allah sarta pirena-Né iku sing luwih becik, apa ta kang analesi yayasané ing gampènging jujurang, banjur jugrug angatutaké iki menyang ing genining naraka; lan Allah iku ora nuntun wong-wong kang atindak dudu.

اَفَمَنْ اَسَّسَ بُنْيَانَهٗ عَلٰى تَقْوٰى مِنَ
اللّٰهِ وَرِضْوَانٍ خَيْرٌ اَمْ مَّنْ اَسَّسَ بُنْيَانَهٗ
عَلٰى شَفَا جُرُفٍ هَارٍ فَانْهَارَ بِهٖ فِىْ نَارِ
جَهَنَّمَ ؕ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِى الْقَوْمَ الظّٰلِمِيْنَ ﴿۱۰۹﴾

1094. Miturut I'Ab tuwin mufassirin sanès-sanèsipun malih, wonten titiyang lamis pancer Bani Ganam kalihwelas (Rz) sami damel masjid wonten ing sacelakipun masjid ing Quba', kalayan mengku pamrih badhé damel pituna dhateng masjid ing Quba' wau. Déné wontenipun andamel masjid wau, margi dipun ojok-ojoki déning Abu 'Amir. Abu 'Amir punika sasampunipun sawatawis lami merangi Kanjeng Nabi, bakda perang Hunain lajeng oncat dhateng tanah Syam (Siriyah). Saking ngriku punika Abu 'Amir kintun serat dhateng kanca-kancanipun ing Madinah, ingkang nerangaken bilih piyambakipun badhé nglurug dhateng Madinah kanthi ambekta wadyabala ageng kanggé anggepuk Kanjeng Nabi, sarta ngajani mitra-mitranipun ing Madinah wau supados andamelaken masjid piyambakipun. Nanging Abu 'Amir wau pejah wonten ing Syam. Para ingkang ada-ada damel masjid wau lajeng sami kepéngin masjid wau binarkahan déning Kanjeng Nabi, sarana dipun rawuhi, nanging panjenenganipun kaawisan déning wahyuning Pangéran punika, sarta masjid wau lajeng dipun ebrukakaken (AH, Rz, Kf). Dhawuh ingkang mungel: *wong kang amerangi Allah lan Utusan-É*, punika boten namung ateges Abu 'Amir piyambak, nanging ugi sok tiyanga ingkang nocogi sisifatan punika, jalaran anggènipun karaya-raya damel masjid punika kalayan mengku kajeng milawani agami Islam.

1095. Sawenèh mufassirin nyuraos ingkang kapangandikakaken ing ayat ngriki punika masjid ing Quba', nanging mufassirin ingkang kathah-kathah mastani bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki, punika masjid Nabi ing Madinah; mufassir sanèsipun malih ugi wonten ingkang mastani masjid kalih wau sadaya ingkang dipun karsakaken (Rz). Nanging dhawuh punika sakalangkung wiyar suraosipun, mila sadhéngah masjid ingkang anggènipun dipun adegaken kanggé manembah ing Allah saged kagolongaken ing sisifatan punika.

110 Yayasané kang diedegaké iku ora pegat tansah dadi sumber ing semang ing sajroning ati-atiné, kajaba manawa ati-atiné wis remuk; lan Allah iku Angudanéni, Wicaksana.[1096]

لَا يَزَالُ بُنْيَانُهُمُ الَّذِي بَنَوْا رِيبَةً فِي قُلُوبِهِمْ إِلَّا أَن تَقَطَّعَ قُلُوبُهُمْ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿١١٠﴾

RUKU' 14

Para Susatya

111, 112. Tetengeripun para Angèstu sajati. 113-116. Sasambetan ruhani kaliyan para manembah brahala. 117, 188. Para angèstu titiga ingkang boten tumut bodholing wadyabala dhateng Tabuk.

111 Sayekti Allah wus anuku saka para angèstu, awak-awaké lan bandha-bandhané, yaiku dhèwèké bakal olèh patamanan; padha perang ing dadalaning Allah, banjur padha amrajaya lan pinrajaya; janji kang nyata ingatasé Panjenengané, ing sajroning Taurat lan Injil[1097]

إِنَّ اللَّهَ اشْتَرَىٰ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ أَنفُسَهُمْ وَأَمْوَالَهُم بِأَنَّ لَهُمُ الْجَنَّةَ ۚ يُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ فَيَقْتُلُونَ وَيُقْتَلُونَ ۖ وَعْدًا عَلَيْهِ حَقًّا فِي التَّوْرَاةِ وَالْإِنجِيلِ وَ

1096. Manahipun saged remuk déning panalangsa ingkang sakalangkung sanget utawi déning pitobat (Rz).

1097. Kritik Nasrani mastani punika boten nyata. Tuwan Whérry methik *Notes on Islam*-ipun tuwan Brinkman, ingkang mastani bilih ayat punika "lalawora ingkang ageng piyambak ing sagemblenging Quran." Piyambakipun piyambak nalika nerangaken ayat punika mewahi katrangan, bilih ayat punika boten namung "tanpa dhadhasar kayektèn" kémawon, nanging piwulang punika ugi cecengkahan ngalèr-ngidul kaliyan sadaya piwulangipun Bébel. Piwulang ingkang pundi ingkang dipun kajengaken tuwan punika, rekaos anggènipun mastani. Janji ingkang kapangandikakaken nyata ingatasipun Allah. kados déné ingkang katetepaken wonten ing Quran saha ing kitab suci ingkang rumiyin-rumiyin, punika makaten: *Allah badhé maringaken berkah-Ipun dhateng para angèstu, manawi para angèstu wau sami temen-temen anggènipun nyarempeng kaliyan jiwa raganipun tuwin bandhanipun wonten ing marginipun Allah*. Gusti Allah sampun mundhut saking para angèstu, badan-badanipun sarta bandha-bandhanipun, minangka lilintu para angèstu sami badhé angsal taman. Punapa tatales makaten punika boten ugi sampun katetepaken wonten ing Taurèt lan Injil. nadyan mesthinipun béda ukaranipun, sarta punapa boten taksih pinanggih wonten ing ngriku, nadyan kitab kakalih wau sampun éwah? Kanjeng Nabi 'Isa ngandika dhateng satunggaling tiyang sugih, makaten: "Manawa kowé arep dadi sampurna, sabarang darbèkmu padha edolana, wènèhna marang wong miskin, temah kowé anduwèni raja-brana ana ing Swarga, tumuli maraa, aku tutburinen" (Matteus 19: 21). Nalika Pètrus matur: "Kawula punika sampun sami nilar samukawis, lajeng ngetutwingking sampéan: ingkang punika badhé sami angsal punapa?" Kanjeng Nabi 'Isa lajeng maringi janji bilih badhé sami linggih wonten ing: "dampar rolas," salajengipun ngandika: "Mangkono manèh sing sapa aninggal omah, sadulur lanang utawa wadon, bapa utawa biyung, anak utawa bojo, apa déné palemahan, karana saka jenengku, iku amasthi tampa sembulih tikel satus, tur olèh warisan urip langgeng" (Matteus 20: 29). Piwulangipun Kanjeng Nabi Musa ugi ngemot janji ingkang makaten wau. Upaminipun, janjining Pangéran: "supaya kowé ginanjara kabegjan tuwin padha tangkar tumangkara kang banget ana ing tanah kang luber puwan lan maduné," punika dados janjinipun dhawuh: "kowé padha tresnaa marang Yéhuwah Allahmu kang kalawan gumolong atimu lan gumolong nyawamu sarta gumolong

Ar. *dagang*

sarta Qur'an; lan sapa ta kang luwih anuhoni janjiné tinimbang Allah? Mulané sira padha dibungah ing *janjinira* kang sira janjèkaké; lan mangkono iku pakolih kang gedhé.

الْقُرْآنِ ۚ وَمَنْ أَوْفَىٰ بِعَهْدِهِ مِنَ اللَّهِ
فَاسْتَبْشِرُوا بِبَيْعِكُمُ الَّذِي بَايَعْتُمْ بِهِ ۚ
وَذَٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ ﴿١١١﴾

112 Para kang padha tobat (ing Allah) kang padha alaladi (ing Panjenengané) kang padha mangalembana (ing Panjenengané), kang padha puasa, kang padha ruku', kang padha sujud, kang padha aparéntah ing panggawé becik lan kang padha anyegah ing panggawé ala lan kang padha rumeksa ing wawatesing Allah: lan awèha warta bubungah marang para angèstu.

التَّائِبُونَ الْعَابِدُونَ الْحَامِدُونَ السَّائِحُونَ
الرَّاكِعُونَ السَّاجِدُونَ الْآمِرُونَ بِالْمَعْرُوفِ
وَالنَّاهُونَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَالْحَافِظُونَ
لِحُدُودِ اللَّهِ ۗ وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِينَ ﴿١١٢﴾

113 Ora mungguh tumrapé Nabi lan para kang padha angèstu, yèn ta padha anyuwunaké pangapura para manembah brahala, sanajan ta iku krabat, ing sawisé terang tumrap dhèwèké, yèn dhèwèké iku padha wongé geni kang murub.[1098]

مَا كَانَ لِلنَّبِيِّ وَالَّذِينَ آمَنُوا أَنْ يَسْتَغْفِرُوا
لِلْمُشْرِكِينَ وَلَوْ كَانُوا أُولِي قُرْبَىٰ مِنْ بَعْدِ
مَا تَبَيَّنَ لَهُمْ أَنَّهُمْ أَصْحَابُ الْجَحِيمِ ﴿١١٣﴾

---

sakakuwatanmu" (Pangandharing Torèt 6: .3 1an 5). Lah punika rak sami kémawon kaliyan nyarempeng sakiyat-kiyatipun wonten ing margining Pangéran kalayan badanipun lan bandhanipun. Kedah dipun èngeti bilih dhawuh ingkang mungel: *padha perang ing dadalaning Allah, banjur padha amrajaya lan pinrajaya*, punika sanès peranganipun sasanggeman, nanging nerangaken kawontenanipun para sahabat, ingkang nélakaken anggènipun sami setya tuhu dhateng sasanggemanipun. Sasanggeman: nanjakakaken badanipun lan bandhanipun, punika wonten ing béda-bédaning kawontenan, saged katindakakaken kalayan margi warni-warni, sarta para sahabatipun Kanjeng Nabi Suci sami setya tuhu netepi sasanggeman punika, sami ugi nalika wonten ing Makkah nganti tigawelas taun lan nalika wonten ing Madinah sadasa taun.

1098. Kedah dipun pèngeti bilih ayat punika boten teka ngawisi andonga nyuwunaken pangapunten tiyang kafir umurnipun, nanging namung para kafir ingkang sampun cetha pratéla anggènipun dados "wongé geni kang murub" kémawon. Ing ayat candhakipun katerangaken, bilih Kanjeng Nabi Ibrahim inggih lastantun andongakakaken sesepuhipun ingkang taksih manembah brahala, ngantos sasampuning panjenenganipun pirsa kalayan terang bilih sesepuhipun wau dados mengsahing Allah. Lah sapunika ingkang dados pitakènan: tiyang ingkang kados pundi ingkang kénging kaanggep dados mengsahing Allah ingkang terang-terangan, utawi dados tiyanging latu ingkang murub punika? Para mufassirin limrahipun sami gadhah pamanggih, bilih ingkang kénging kanggé waton punika salah satunggalipun tigang prakawis, inggih punika satunggaling tiyang ingkang kadumuk ing wahyuning Pangéran, utawi tiyang ingkang kafir ngantos sapejahipun, utawi tiyang nembah brahala. Ing 16: 61 tuwin ing 35: 45 wonten dhawuh ingkang nunggil suraos, ingkang nerangaken bilih siksaning Pangéran punika boten sanget ngantos satimbang kaliyan awoning pandamelipun manusa; "Lamun Allah iku anglebura para manusa amarga saka anggoné atindak dudu, ing kono ora bakal ana titah siji sing dikarsakaké kari." Ing

114 Lan panyuwuné pangapura Ibrahim tumrap wong tuwané iku ora liya kajaba saka prajanjian kang wus dijanjèkaké marang dhèwèké; ananging bareng wus terang tumrapé dhèwèké, yèn dhèwèké iku mungsuh tumrapé Allah, (banjur) wisuh saka dhèwèké; sayekti Ibrahim iku banget *akèh pangadhuhé*, lembah manah.

Ut. *lembut atiné*

وَمَا كَانَ اسْتِغْفَارُ إِبْرٰهِيمَ لِأَبِيهِ
إِلَّا عَنْ مَّوْعِدَةٍ وَّعَدَهَا إِيَّاهُ ۚ فَلَمَّا تَبَيَّنَ
لَهُ أَنَّهُ عَدُوٌّ لِّلَّهِ تَبَرَّأَ مِنْهُ ۗ إِنَّ إِبْرٰهِيمَ
لَأَوَّاهٌ حَلِيمٌ ﴿١١٤﴾

115 Lan ora pisan Allah iku agawé sasaré sawijining bangsa ing sawisé Panjenengané aparing katerangan marang dhèwèké apa kang kudu *diprayitnani*; sayekti Allah iku marang samubarang udani.[1099]

Ut. *dibektèni*

وَمَا كَانَ اللَّهُ لِيُضِلَّ قَوْمًا بَعْدَ إِذْ هَدٰىهُمْ
حَتّٰى يُبَيِّنَ لَهُمْ مَّا يَتَّقُونَ ۚ إِنَّ اللَّهَ
بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ﴿١١٥﴾

116 Sayekti Allah iku, karatoning langit-langit lan bumi iku kagungan-É; Panjenengané adamel urip lan adamel pati; lan saliyané Allah sira ora duwé Pangayoman *lan* Panulung.

Ar. lan ora

إِنَّ اللَّهَ لَهُ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ ۖ
يُحْيِي وَيُمِيتُ ۚ وَمَا لَكُمْ مِّنْ دُونِ اللَّهِ
مِنْ وَّلِيٍّ وَّلَا نَصِيرٍ ﴿١١٦﴾

---

panggènan sanès-sanèsipun taksih kathah malih dhawuh ingkang nerangaken kalayan pangandika ingkang terang, bab prakawis pangrengkuhipun Pangéran dhateng titah-Ipun ingkang kalayan welas lan asih makaten punika. Ing 42: 5 kapangandikakaken bilih para malaikat sami terus-terusan "nyuwunaken pangapura para kang ana ing bumi," tiyang mukmin lan tiyang kafir katut sadaya. Nanging manawi wonten satunggaling nabi kautus ingandikakaken ambrastha sasar lan anjumenengaken yakti, sagolonganing tiyang wonten ingkang lajeng milawani dhateng nabi wau, sarta nyarempeng ing sakiyat-kiyatipun sumedya badhé anumpes yakti. Kadosta sesepuhipun Kanjeng Nabi Ibrahim, dados mengsahing Allah; anggènipun dados mengsahing Allah boten wiwit nalika piyambakipun boten purun mantuni anggènipun nembah brahala, nanging nalika piyambakipun wiwit ngetog kakiyatanipun badhé kanggé nyirnakaken jurunipun-mulangaken yakti. Lah makaten ugi para manembah brahala ing tanah Arab, nadyan sampun wiwit nalika jaman Makkah anggènipun sami nandukaken panganiaya dhateng Kanjeng Nabi Suci, suprandéné anggènipun sami kapancasan "boten kénging dipun dandosi malih" punika sareng sampun cetha pratéla anggènipun sami ngempalaken sawarnining kakiyatan kanggé nyirnakaken Islam. Leburipun sampun genah, tanpa damel kasuwunaken pangapunten. Sawarnining sasambetan ruhani kaliyan titiyang ingkang kados makaten punika lajeng kapedhot, jer piyambakipun piyambak punika sampun dangu anggènipun medhot sasambetan punika. Manut ayat punika, tiyang ingkang pejah kafir, punika boten kénging dipun salataken.

1099. Manawi para manembah brahala sami nemaha milih margi ingkang kalèntu, tuwin milawani kalayan sanget dhateng para Muslimin, ngantos para Muslimin kapeksa sami medhot sasambetanipun ruhani kaliyan para titiyang wau, Gusti Allah boten kénging kalepataken, jalaran Panjenenganipun punika boten namung sampun anurunaken tuntunan-Ipun kémawon , nanging ugi sampun nedahaken punapa-punapa ingkang kedah dipun tebihi. Kalayan tembung ingkang terang, ayat punika netepaken, bilih Allah boten naté nasaraken ing manusa. Quran Suci mangandikakaken, kados pundi anggènipun

Ut. *Muhajirin*

Ut. *Anshar*

117 Lan sayekti temen Allah wis bali (wilasa-Né) marang Nabi lan *para kang padha mlayu atinggal balé omahé* sarta para *panulung* kang padha manut dhèwèké ing wayahé rekasa ing sawisé atiatiné sapérangané dhèwèké mèh baé mlèncèng, tumuli Panjenengané bali (wilasa-Né) marang dhèwèké; sayekti Panjenengané iku marang dhèwèké kabèh Welas, Mahaasih.[1100]

لَقَدْ تَّابَ اللّٰهُ عَلَى النَّبِيِّ وَالْمُهٰجِرِيْنَ
وَالْاَنْصَارِ الَّذِيْنَ اتَّبَعُوْهُ فِيْ سَاعَةِ
الْعُسْرَةِ مِنْۢ بَعْدِ مَا كَادَ يَزِيْغُ قُلُوْبُ
فَرِيْقٍ مِّنْهُمْ ثُمَّ تَابَ عَلَيْهِمْ ۗ اِنَّهٗ بِهِمْ
رَءُوْفٌ رَّحِيْمٌ ۝١١٧

118 Lan tumrap wong tetelu, kang padha katinggal kari, nganti nalikané bumi rupek ingatasé dhèwèké, sanajan jembar, lan jiwané padha dadi rupek ingatasé dhèwèké; lan padha yakin, manawa ora ana pangungsèn saka (pidananing) Allah, kajaba marang Panjenengané; tumuli Panjenengané bali (wilasa-Né) marang dhèwèké, supaya dhèwèké padha *balia*

وَّعَلَى الثَّلٰثَةِ الَّذِيْنَ خُلِّفُوْا ۗ حَتّٰٓى اِذَا
ضَاقَتْ عَلَيْهِمُ الْاَرْضُ بِمَا رَحُبَتْ
وَضَاقَتْ عَلَيْهِمْ اَنْفُسُهُمْ وَظَنُّوْٓا اَنْ لَّا
مَلْجَاَ مِنَ اللّٰهِ اِلَّآ اِلَيْهِ ۗ ثُمَّ تَابَ عَلَيْهِمْ

Allah nama nasaraken jer sadaya piawon ingkang kedah dipun singkiri déning para manusa dipun terang-terangaken ngantos gamblang déning Panjenenganipun?

1100. lbnu 'Athiyyah nerangaken tembung: *tâba* ing ayat punika, makaten: "Taubah tumrapipun Gusti Allah, punika ateges Panjenenganipun wangsul dhateng kawula-Nipun, saking satunggaling kawontenan dhateng kawontenan sanès ingkang langkung luhur katimbang lan ingkang sampun." Dados Allah wangsul wilasa-Nipun, punika boten nedahaken bilih wonten tindak duraka ing sadèrèngipun. Menggah ing sajatos-jatosipun, suraosing dhawuh ing ngajeng lan ing wingkingipun, sampun anyethakaken tegesing tembung *taubah* punika. Terangipun: ingkang kasebutaken mèh malèncèng ing dalem manah (boten malèncèng saèstu), punika namung sapérangan alit tiyang Anshar (sahabat Panulung): Gusti Allah wangsul wilasanipun punika dhateng Kanjeng Nabi saha para angèstu ingkang setya tuhu, ingkang kalayan terang kasebutaken sami manut ing Kanjeng Nabi ing kalanipun wonten ing wekdal rekaos; dados anedahaken bilih wangsuling wilasanipun Allah punika dhateng para angèstu ingkang ambangun turut nadyan ing wekdal rekaos, boten kok dhateng para ingkang sami andaga; déné para andaga kawarsitakaken wonten ing ayat candhakipun. Limrahipun غزوة العسرة punika dipun suraos perang Tabuk, ingkang ugi misuwur winastan ساعة العسرة jawinipun *perang rekaos*. Déné mila perang Tabuk winastan makaten wau, sabab ing wekdal wau mangsa benter ingkang sakalangkung sanget, sangunipun tedha lan toya kirang sanget, ngantos tarkadhang kurma satunggal dipun edum tiyang kalih, sarta saking anggènipun sami kasatan ngantos sami mragadi unta kanggé ngicalaken ngorongipun; kéwan (kanggé tumpakan lan momot barang) inggih kekirangan sanget, ngantos saben tiyang sadasa namung komanan unta satunggal (AH). Nanging menggah ing sajatos-jatosipun, wekdal kirang langkung selikuran taun kapétang saking anggènipun Kanjeng Nabi wiwit mumulang, punika wekdal ingkang sakalangkung rekaos tumrap para Muslimin.

(marang Panjenengané); sayekti Allah iku Kang-Tansah-aboli-bali (wilasa-Né), Kang-Mahaasih.[1101]

لِيَتُوبُوا ۚ إِنَّ اللَّهَ هُوَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ ﴿١١٨﴾

RUKU' 15

Punapa ingkang kedah dipun lampahi para Susatya

119-121. Para Susatya kedah tetep setya dhateng Kanjeng Nabi. 122. Sapérangan-ipun satunggal-tunggaling golongan kedah amarsudi agami sarta kedah amulangaken dhateng sanèsipun.

119 É, sira kang padha angèstu! padha diprayitna ing (wajibira marang) Allah, sarta padha anyar-tanana para susatya.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَكُونُوا مَعَ الصَّادِقِينَ ﴿١١٩﴾

120 Ora mungguh tumrapé wong Madinah sarta wong-wong sagara wedhi ing sakiwa-tengené dhèwèké, yèn ta padha karia ing pengkerané Utusaning Allah, sarta ora (mungguh) yèn ta padha amriha suka tumrap awaké dhéwé angungkuli sarirané;[1102]

مَا كَانَ لِأَهْلِ الْمَدِينَةِ وَمَنْ حَوْلَهُمْ مِنَ الْأَعْرَابِ أَنْ يَتَخَلَّفُوا عَنْ رَسُولِ اللَّهِ وَلَا يَرْغَبُوا بِأَنْفُسِهِمْ عَنْ نَفْسِهِ ۚ

1101. Tiyang tiga punika saking antawisipun sahabat Anshar, ingkang nama-namanipun sampun katerangaken wonten ing 1093. Tembung: *tinilar kantun* punika sami dipun suraos mengku teges: *tinilar kantun nalika perang Tabuk* utawi *tinilar kantun dèrèng wonten dhawuhing Pangéran ing babagan piyambakipun punika*, awit kacariyos, piyambakipun punika titiyang ingkang kasebutaken wonten ing ayat 106. Déné liya-liyané, padha disarantèkaké ing paréntahing Allah, apa ta Panjenengané arsa aniksa dhèwèké lan apa ta Panjenengané arsa bali (wilasa-Né)." Panyuraos ingkang kasebut kantun wau panyuraosipun Ka'b piyambak, inggih punika salah satunggaling tiyang tiga wau (AH). Para titiyang wau sami kapedhot sasambetanipun kaliyan para Muslimin, kalebet ugi kaliyan sémah-sémahipun, ngantos sèket dinten. Ka'b punika tiyang ingkang kajèn keringan; nalika piyambakipun tampi serat saking ratu Ghassan ingkang asuraos badhé kadadosaken priyantunipun, manawi piyambakipun purun nilar Kanjeng Nabi, serat lajeng kabasmi déning Ka'b wau, sarta ngatingalaken anggènipun nyepèlèkaken pangkat ingkang katawèkaken wau, sarta boten purun nyukani wangsulanipun (Ibnu Hisyam).

1102. Terangipun, para titiyang wau kedahipun boten namung ambujeng sakécanipun piyambak, kasenenganipun piyambak tuwin ngupados kawilujenganipun piyambak kémawon, téga ing Kanjeng Nabi. Terangipun malih, kedahipun para titiyang wau ngancani panjenenganipun wonten ing salebeting sangsara tuwin rekaos. Ingkang limrah-limrah, dhawuh punika dipun jarwani – *sarta ora patut yèn ta padha milih awaké dhéwé ngungkuli awaké (Rasulullah)* – nanging punika kirang cocog kaliyan suraosing dhawuhipun ingkang asli. Nalika Kanjeng Nabi Suci bidhal nglurug dhateng Tabuk, wonten sabab warni-warni ingkang murugaken wontenipun tiyang sawatawis ingkang lajeng mopo boten purun andhèrèkaken tindakipun Kanjeng Nabi. Nanging para mukminin ingkang setya tuhu saking antawisipun para titiyang punika, énggal lajeng ngrumaosi lepatipun, sarta lajeng nututi dhateng Tabuk. Ing antawisipun para ingkang nututi punika, wonten tiyang ingkang namanipun Abu Khaitsmah, ingkang nalika linggihan ngéyub wonten ing tamanipun, ngangen-angen makaten: *Péyuban kang*

mangkono iku amarga ngelak lan rekasa sarta luwé ora angenani dhèwèké kabèh ana ing dadalaning Allah; lan padha ora angambah dalan, kang andadèkaké muringé para kafir, apa déné dhèwèké padha ora apakolih saka musuh apa kang padha pinakolih, ananging amarga saka iku panggawé becik wus katulis tumrap dhèwèké; sayekti Allah iku ora amusprakaké ganjarané wong-wong kang padha agawé becik(ing-liyan);[1103]

ذٰلِكَ بِأَنَّهُمْ لَا يُصِيبُهُمْ ظَمَأٌ وَّلَا نَصَبٌ وَّلَا مَخْمَصَةٌ فِي سَبِيلِ اللّٰهِ وَلَا يَطَـُٔونَ مَوْطِئًا يَغِيظُ الْكُفَّارَ وَلَا يَنَالُونَ مِنْ عَدُوٍّ نَّيْلًا إِلَّا كُتِبَ لَهُمْ بِهِ عَمَلٌ صَالِحٌ ۚ إِنَّ اللّٰهَ لَا يُضِيعُ أَجْرَ الْمُحْسِنِينَ ﴿١٢٠﴾

121 Sarta dhèwèké padha ora mèwèhaké pawèwèh, cilik utawa gedhé, apa déné padha ora anyabrang ing jujurang kajaba iku wus tinulis becik tumrap dhèwèké, amrih Allah aparing wawales kang luwih becik marang dhèwèké, amarga saka apa kang wus padha dilakoni.

وَلَا يُنْفِقُونَ نَفَقَةً صَغِيرَةً وَّلَا كَبِيرَةً وَّلَا يَقْطَعُونَ وَادِيًا إِلَّا كُتِبَ لَهُمْ لِيَجْزِيَهُمُ اللّٰهُ أَحْسَنَ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٢١﴾

122 Lan ora layak para angèstu iku yèn ta padha budhala akerig lampit; lah yagéné ora ana sagolongan saka saben-saben papanthané dhèwèké, kang budhal, dimèn padha marsudi mamrih mangerti ing dalem prakara agama,[1104] supaya dhèwèké padha apépéling marang panunggalané samangsa padha bali *katemu* dhèwèké, supa-ya dhèwèké padha angati-ati?

Ar. *marang*

وَمَا كَانَ الْمُؤْمِنُونَ لِيَنْفِرُوا كَافَّةً ۚ فَلَوْلَا نَفَرَ مِنْ كُلِّ فِرْقَةٍ مِّنْهُمْ طَائِفَةٌ لِّيَتَفَقَّهُوا فِي الدِّينِ وَلِيُنْذِرُوا قَوْمَهُمْ إِذَا رَجَعُوا إِلَيْهِمْ لَعَلَّهُمْ يَحْذَرُونَ ﴿١٢٢﴾

édhum, kurmané wis mateng, ombèn-ombèné nyegeri, bojoné ayu – nanging Kanjeng Rasul kapanasan lan kanginan; ah! Iki ora becik! Sanalika lajeng nututi andhèrèk Kanjeng Nabi Suci.

1103. Ingkang dipun karsakaken ing pangandika ingkang mungel: apakolih saka musuh apa kang padha pinakolih, punika mejahi mengsah, ngunjara mengsah utawi nelukaken mengsah (Rz, Bd). نال منه ateges: *ambancanani ing dhèwèké*, dados نال من عدوه tegesipun: *angsal barang* ingkang dados enering pipinginanipun saking mengsahipun (Msb-LL).

1104. Rembag bab prakawis marsudi agami kacungulaken wonten ing ngriki, punika anedahaken punapa jatos-jatosing sedya ingkang dipun wigatosaken sanget déning Kitab Quran. Salebetipun marsitakaken tatanan-tatanan ingkang magepokan kaliyan perang. Quran angunculaken rembag bab nyadhiyakaken para muballigin (para juru-mulangaken agami); ingkang makaten punika anedahaken bilih inggih punika kabetahanipun Islam ingkang ageng piyambak. Ngemungaken sarana tablig

RUKU' 16

Tuju ingkang kegayuh déning Wahyuning Pangéran

123-125. Wahyuning Pangéran punika anyatosaken para Susatya sarta angapesaken para lamis. 126, 127. Cobi. 128, 129. Tuhu-tuhu sarta kumandelipun Kanjeng Nabi Suci dhateng Allah.

123 É, sira kang padha angèstu! padha merangana para kafir kang ana ing sacedhak-cedhakira[1105] sarta dimèn padha *ngerti* kekerasan kang ana ing sira;[1106] sarta padha weruha yèn Allah iku anyartani para kang prayitna (saka ing ala).

Ar. *nemu*

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ قَٰتِلُوا۟ ٱلَّذِينَ يَلُونَكُم مِّنَ ٱلْكُفَّارِ وَلْيَجِدُوا۟ فِيكُمْ غِلْظَةً ۚ وَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ مَعَ ٱلْمُتَّقِينَ ﴿١٢٣﴾

124 Lan samangsa-mangsa ana surat didhawuhaké sawenèhé ana kang calathu: Kowé kabèh sapa sing mundhak ing piandel déning iki? Wondéné para kang padha angèstu, lah, iku angundhakaké piandelé sarta dhèwèké padha bungah.

وَإِذَا مَآ أُنزِلَتْ سُورَةٌ فَمِنْهُم مَّن يَقُولُ أَيُّكُمْ زَادَتْهُ هَٰذِهِۦٓ إِيمَٰنًا ۚ فَأَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ فَزَادَتْهُمْ إِيمَٰنًا وَهُمْ يَسْتَبْشِرُونَ ﴿١٢٤﴾

125 Wondhéné para kang ing jeroning ati-atiné ana lalarané,[a] iku angundhakaké jejember marang jejemberé, sarta padha mati ing sajroné dhèwèké isih padha wong kafir.[1107]

وَأَمَّا ٱلَّذِينَ فِى قُلُوبِهِم مَّرَضٌ فَزَادَتْهُمْ رِجْسًا إِلَىٰ رِجْسِهِمْ وَمَاتُوا۟ وَهُمْ كَٰفِرُونَ ﴿١٢٥﴾

(andhatengaken wulangan) kémawon, sagedipun yakti punika sumiyar. Milanipun, nadyan silih umat Islam saweg wonten salebetipun peperangan kaliyan wadyabalaning mengsah ingkang tikel-matikel kathahipun,karana nglabuhi nyawa tuwin kawilujenganipun, sedya ingkang bontos piyambak punika boten kénging dipun lirwakaken. Lah inggih punika sababipun, déné rembag bab prakawis punika dipun cungulaken wonten ing ngriki.

1105. Lah punika dhawuh ingkang terang gamblang, perang ngemungaken kaliyan para kafir kang ana ing sacedhak-cedhakira, jalaran inggih piyambakipun punika ingkang sami nganiaya para Muslimin. Dhawuh punika sanès dhawuh umum, sarta dhawuh punika saged suka tuntunan kanggé anerangaken dhawuh sanès-sanèsipun ingkang gagayutan kaliyan prakawis perang, amargi dhawuh Quran makaten sapérangan nerangaken pérangan sanèsipun.

1106. Supaya sira ora banjur tumiyung marang dhèwèké utawa nganggep dhèwèké kaya déné wong kang mamrih ing karahayonira, kaya déné kang dikarepaké déning wong-wong iku.

1107. Saben wonten dhawuh énggal tumurun, jejembering manahipun wewah, jalaran punika mewahi pambagugukipun para titiyang wau. Tumrap dhateng yakti, manahipun saya mindhak wangkotipun. Dados boten kok dhawuh énggal wau ingkang gadhah daya murugaken wewahing kakafiranipun para titiyang wau. Mirsanana 24.

126 Apa ta ora andeleng, yèn awaké padha cinoba ing dalem saben taun sapisan utawa rong rambahan; èwadéné padha ora mratobat (marang Allah) sarta padha ora éling.[1108]

أَوَلَا يَرَوْنَ أَنَّهُمْ يُفْتَنُونَ فِي كُلِّ عَامٍ
مَّرَّةً أَوْ مَرَّتَيْنِ ثُمَّ لَا يَتُوبُونَ وَلَا
هُمْ يَذَّكَّرُونَ ﴿١٢٦﴾

127 Lan samangsa-mangsa ana surat diturunaké, padha pandeng-pinandeng sawenèh marang sawenèhé: apa Ana wong sawiji kang angingetaké kowé? Tumuli padha sumingkir. Allah wis anyingkiraké ati-atiné, amarga dhèwèké iku wong kang padha ora mangerti.

وَإِذَا مَا أُنزِلَتْ سُورَةٌ نَّظَرَ بَعْضُهُمْ
إِلَىٰ بَعْضٍ هَلْ يَرَاكُم مِّنْ أَحَدٍ ثُمَّ
انصَرَفُوا صَرَفَ اللَّهُ قُلُوبَهُم بِأَنَّهُمْ
قَوْمٌ لَّا يَفْقَهُونَ ﴿١٢٧﴾

128 Sayekti temen wus anekani sira sawijining Utusan, saka ing bangsanira; abot ingatasé dhèwèké tumibanira ing kasangsaran, banget pangémané ing sira, marang para angèstu (dhèwèké) welas, asih[1108A]

لَقَدْ جَاءَكُمْ رَسُولٌ مِّنْ أَنفُسِكُمْ عَزِيزٌ
عَلَيْهِ مَا عَنِتُّمْ حَرِيصٌ عَلَيْكُم
بِالْمُؤْمِنِينَ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿١٢٨﴾

129 Ananging manawa dhèwèké padha malèngos, lah calathua: Allah iku wus cukup tumrapé aku, ora ana sesembahan kajaba Panjenenganė; marang Panjenenganė suméndhéku, lan Panjenenganė iku
a. 895 Pangéraning pangawasa kang agung.[a]

فَإِن تَوَلَّوْا فَقُلْ حَسْبِيَ اللَّهُ لَا إِلَٰهَ
إِلَّا هُوَ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَهُوَ رَبُّ
الْعَرْشِ الْعَظِيمِ ﴿١٢٩﴾

1108. Manawi ingkang katuju ing dhawuh ngriki punika para kafir, saged ateges ingkang dipun karsakaken punika kacilakan warni-warni ingkang kasandhang déning titiyang kafir wau utawi kawonipun para titiyang kafir wau. Déné manawi ingkang katuju ing dhawuh punika titiyang munafék, cobi ing ngriki lajeng ateges: kadadosan ingkang milahaken antawisipun para mukminin sajati kaliyan para lamis, ingkang kalampahan nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi (Mirsanana 1090 *Vert*).

1108A. Lah punika gambaripun ingkang sajati manah ingkang susah, labet saking anggènipun mrihatosaken sagung para manusa, dados boten namung mrihatosaken pandhèrèkipun kémawon, lan inggih boten namung mrihatosaken dhateng satunggaling pancer utawi nagari kémawon. Ingkang dipun susahaken déning panjenenganipun, kasangsaranipun manusa sadaya, sarta ingkang dipun prihatosaken sanget déning panjenenganipun, murih karahayoning sagung para manusa. Suprandéné tumrap dhateng titiyang ingkang andhèrèk panjenenganipun, wonten malih pangrengkuh ingkang mligi, inggih punika welas saha asih.

ركوعاتها ١١ سُورَةُ يُونُسَ مَكِّيَّةٌ (١٠) اٰياتها ١٠٩

SURAT 10

YUNUS

(*Kanjeng Nabi Yunus*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*11 ruku', 109 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1, 2. Kayektèning wahyunipun Pangéran.
Ruku' 3. Pangrengkuh ingkang adhadhasar welas-asih.
Ruku' 4. Paparingipun Allah tanpa timbang.
Ruku' 5. Para awon lan pidananipun.
Ruku' 6. Wilasa dhatengipun angrumiyini pidana.
Ruku' 7. Para angèstu lan para kafir.
Ruku' 8, 9. Angungak tuladhan lalampahanipun para Nabi.
Ruku' 10. Para ingkang sami anggatosaken pèpènget, badhé angsal paédah.
Ruku' 11. Sadaya kasaénan punika wonten ing astanipun Allah.

Namanipun

Bobontosaning prakawis ingkang kapangandikakaken wonten ing surat Yunus punika, bab kawontenaning umatipun Kanjeng Nabi Yunus ingkang angsal paédah saking anggènipun anggatosaken pèpènget: "Lah yagéné ora ana kutha sawiji kang angèstu, kang satemah anggoné angèstu iku amigunani marang dhèwèké, kajaba kaumé Yunus? Bareng padha angèstu, Ingsun ambirat siksa kang ngasoraké ing dalem kauripun donya saka dhèwèké, sarta Ingsun aparing pasadhiyan dhèwèké tumeka samangsa" (ayat 98). Cariyosipun Kanjeng Nabi Nuh lan Kanjeng Nabi Musa langkung wijang malih; nanging rèhning prakawis ingkang baku dados jèjèring rembag wonten ing surat punika bab "wilasa dhatengipun ngrumiyini pidana," milanipun lalampahanipun Kanjeng Nabi Yunus punika langkung mathuk kanggé maringi kupiya ing bab prakawis wau. Dados kanamakaken Surat Yunus punika sampun mungguh sanget.

Bab ingkang kawarsitakaken

Sifatipun ingkang baku surat punika, kajawi marsitakaken kayektèning wahyunipun Pangéran, ugi migatosaken sanget bab prakawis pangrengkuhipun Pangéran dhateng manusa ingkang adhadhasar sih-wilasa. Wiwitan piyambak mratélakaken kayektèning wahyunipun Pangéran ing dalem Quran Suci, salajengipun lajeng ngrembag bab kayektèning wahyu wonten ing ruku' 1 lan 2. Ing wekasaning ruku' ingkang kaping kalih nyebutaken panyuwunipun tandha para kafir, sarta lajeng sami kaparingan dhawuh bilih pancasan kasumenèkaken ing sawatawis wekdal; wondéné sababipun, kasebutaken wonteni ng ruku' ingkang kaping tiga, inggih punika pangrengkuhipun Pangéran dhateng manusa punika adhadhasar sih-wilasa mila Panjenenganipun boten énggal-énggal anurunaken siksa, wangsul mintonaken sih-wilasa langkung rumiyin. Ruku' ingkang kaping sakawan mangandikakaken bilih pasaksèn bab sih-wilasa-Nipun, punika gumelar wonten ing sagung dumados: Panjenenganipun maringaken paparing ingkang sintena kémawon boten wonten ingkang kuwaos maringaken, sarta boten prabéda lan paparing-Ipun barang-barang wadhag punika tanpa timbang, lah makaten ugi paparing-Ipun wahyu, sintena kémawon boten saged damel saminipun punika. Ruku' ingkang kaping gangsal nyebutaken bilih para awon ing wasananipun mesthi badhé manggih pidana. Ruku' ingkang kaping nem ngambali dhawuh migatosaken bilih sifat sih-wilasa punika tumrap Pangéran sifat ingkang

RUKU' 1

Kayektèning Wahyuning Pangéran

1-6. Wedharing sabda sarta buktining nyatanipun. 7-10. Pradana lan pidana sarta kawontenanipun.

Kalawan asmanipun Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang Mahaasih.	بِسۡمِ اللّٰہِ الرَّحۡمٰنِ الرَّحِیۡمِ
1 Ingsun, Allah, Ingkang-Angudanèni.[1109] Iki ayat-ayating Kitab kang wicaksana.[1110]	الٓرٰ ۟ تِلۡكَ اٰیٰتُ الۡكِتٰبِ الۡحَكِیۡمِ ①

nyrambahi piyambak. Ing ruku' ingkang kaping wolu lan kaping sanga nyebutaken kalayan celak lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh lan Kanjeng Nabi Musa. Ruku' sadasa nyebutaken kalayan isarah cekak dhateng Kanjeng Nabi Yunus, bilih para ingkang sami anggatosaken pèpènget mesthi angsal paédah. Ruku' sawelas marsitakaken bilih sadaya kasaénan punika wonten ing astanipun Pangéran, milanipun manusa kedah wangsul dhateng Panjenenganipun.

Sasambetanipun kaliyan surat ingkang sampun

Surat ingkang sampun ingkang baku ngrembag bab pidananipun tiyang duraka, dados ateges anggelar sifatipun Islam bagéan ingkang keras. Nanging kawontenan ingkang boten kénging boten murugaken wontenipun pidana wau, dipun wontenaken déning para mengsah piyambak. Ing dalem piwulangipun Islam kekerasan punika boten wonten. Kosokwangsulipun, sifating Pangéran ingkang déning Quran Suci kawarna langkung enggel lan nyrambahi, punika sifatipun Pangéran mahawilasa lan mahawelas-asih. Milanipun surat ingkang ngrembag pidananipun tiyang duraka, punika lajeng tumunten katungka surat, ingkang mligi ngrembag bab sifat sih-wilasanipun Pangéran, ingkang menang kaliyan sifat sanès-sanèsipun. Langkung-langkung ruku' ingkang wekasan piyambak wonten ing surat ingkang sampun, punika ngrembag bab dayaning wahyunipun Pangéran tumrap para angèstu, déné surat punika kawiwitan kalayan bab kayektènipun wahyuning Pangéran wau.

Titimangsa tumurunipun

Manawi katimbang, pasaksèn ingkang nandhakaken bilih *surat Yunus* punika ing sageblengipun wahyu Makkiyah, punika langkung awrat. Éwadéné wonten ugi pamanggih ingkang adhadhasar pasaksèn pipiridan saking suraosing dhawuh, ingkang mastani bilih ayat 94-97 punika kagolong wahyu Madaniyah (I'Ab-AH), awit ayat-ayat wau nyebutaken titiyang Yahudi. Nanging wonten ngulami satunggal ingkang nulak pamanggih punika, sarta mastani bilih ingkang katurunaken ing Madinah punika namung ayat 40 thok, awit manut pamanggihipun namung ayat 40 wau ingkang mangandikakaken bab tiyang Yahudi (Kalbi-AH). Pamanggih sanèsipun mastani bilih wiwit ayat 40 dumugi satelasipun punika katurunaken ing Madinah (AH). Nanging sadaya wau namung panginten-inten blaka. Klèntu sanget maiben bilih wahyu Makkiyah ugi nyebutaken bab bangsa Yahudi tuwin babad Yahudi; sarta nitik bab ingkang karembag wonten ing sageblengipun surat punika namung sabab, kados sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih ing sageblengipun surat punika wahyu Makkiyah, tuwin kagolong jaman Makkah pungkasan.

1109. *Alif, lâm*, tuwin *râ* punika aksara titiga ingkang kasebut wonten ing wiwitaning surat punika tuwin surat sanès-sanèsipun malih sakawan, inggih punika surat ingkang kaping 11, 12, 14, tuwin 15. Ing wiwitaning surat ingkang kaping 13 *alif, lâm, mîm, râ*. Aksara minangka pangringkesing tetembungan ing ngriki sami kaliyan aksara *alif, lâm, mîm,* namung *râ*, punika cekakanipun tembung

1110. *Mirsanana kaca candhakipun.*

Ut. *darajat luhur*

2 Apa tumrapé para manusa anggumunaké, déné Ingsun wus amedhar sabda marang sawijining wong lanang saka bangsané, pangandika(-Ningsun): Apepélinga marang para manusa sarta awèha warta bubungah marang para kang padha angèstu, yèn dhèwèké bakal padha olèh *dhadhasar kukuh* ana ing ngarsaning Pangérané. Para kafir padha calathu: sayekti temen iki ahli kemayan kang tétéla.

اَكَانَ لِلنَّاسِ عَجَبًا اَنْ اَوْحَيْنَآ اِلٰى
رَجُلٍ مِّنْهُمْ اَنْ اَنْذِرِ النَّاسَ وَبَشِّرِ
الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَنَّ لَهُمْ قَدَمَ صِدْقٍ
عِنْدَ رَبِّهِمْ ۗ قَالَ الْكٰفِرُوْنَ اِنَّ هٰذَا
لَسٰحِرٌ مُّبِيْنٌ ﴿٢﴾

a. 8
b. 45
c. 895
Ut. *panglantar*
d. 79, 339, 607

3 Sayekti, Pangéranira iku Allah, Kang wus anitahaké langit-langit lan bumi ing dalem nem mangsa[a] sarta[b] Panjenengané angasta purba wisésa ing karaton iku,[c] anata sagung prakara; ora ana *pantara*, kajaba ing sawisé idin-É;[d] mangkono iku Allah, Pangéranira, mulané padha ngabdia Panjenengané; lah apa ta sira padha ora éling?

اِنَّ رَبَّكُمُ اللّٰهُ الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ
وَالْاَرْضَ فِيْ سِتَّةِ اَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوٰى
عَلَى الْعَرْشِ يُدَبِّرُ الْاَمْرَ ۗ مَا مِنْ شَفِيْعٍ
اِلَّا مِنْۢ بَعْدِ اِذْنِهٖ ۗ ذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمْ
فَاعْبُدُوْهُ ۗ اَفَلَا تَذَكَّرُوْنَ ﴿٣﴾

4 Marang Panjenengané balinira, kabèh baé; janjining Allah kalawan nyata; sayekti Panjenengané amiwiti purwaning tumitah, tumuli angambal-ambali (terusé) iku, amurih Panjenengané aparing wales kalawan jejeg para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik; wondéné para kang padha kafir, iku bakal padha olèh ombèn-ombèn wèdang panas sarta siksa kang nglarani, amarga saka anggoné padha angafiri.

اِلَيْهِ مَرْجِعُكُمْ جَمِيْعًا ۗ وَعْدَ اللّٰهِ حَقًّا ۗ
اِنَّهٗ يَبْدَؤُا الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيْدُهٗ لِيَجْزِيَ
الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ بِالْقِسْطِ ۗ
وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَهُمْ شَرَابٌ مِّنْ حَمِيْمٍ
وَّعَذَابٌ اَلِيْمٌۢ بِمَا كَانُوْا يَكْفُرُوْنَ ﴿٤﴾

Râ-i, jawinipun: *Ingkang-Angudanéni*, utawi *arâ* jawinipun *Ingsun angudanéni*, déné *mîm* cekakanipun tembung *a'lam*, jawinipun: *Ingkang Mahawikan* (mirsanana 11). Katerangan punika ugi dados kateranganipun aksara pangringkesing tembung ing wiwitaning surat 13.

1110. Ing ngriki *kitâb* utawi Quran, punika kasebut *hakîm* (wicaksana). Déné sababipun, jalaran Kitab Quran punika mengku kawicaksanan, inggih punika *sisifatan saged amilahaken antawisipun leres lan lepat lan antawisipun yakti lan panggorohan*. Utawi anggènipun kasebut makaten wau margi

5 Panjenengané iku Kang wus andadèkaké srengéngé sumorot gumebyar sarta rembulan cahya sumunu[1111] sarta anamtokaké *wawangunan* tumrap iku, supaya sira padha weruha wilanganing taun sarta pétungan. Anggoné Allah anitahaké iku ora liya kajaba kalawan yekti; tandha-tandha yekti tumrap wong kang padha weruh.[1112]

Ut. *drajah*

هُوَ الَّذِيْ جَعَلَ الشَّمْسَ ضِيَآءً وَّالْقَمَرَ
نُوْرًا وَّقَدَّرَهٗ مَنَازِلَ لِتَعْلَمُوْا عَدَدَ
السِّنِيْنَ وَالْحِسَابَ ۭ مَا خَلَقَ اللّٰهُ ذٰلِكَ
اِلَّا بِالْحَقِّ ۚ يُفَصِّلُ الْاٰيٰتِ لِقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ⑤

6 Sayekti, ing dalem gilir gumantiné wengi kalawan rina, sarta (ing dalem) apa kang katitahaké déning Allah ing langit-langit lan bumi, iku temen tandha-tandha tumrap wong kang padha *anjaga dhiriné (saka ing ala).*

Ut. *bekti*

اِنَّ فِي اخْتِلَافِ الَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَمَا خَلَقَ
اللّٰهُ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ لَاٰيٰتٍ
لِّقَوْمٍ يَّتَّقُوْنَ ⑥

7 Sayekti para kang padha ora angarep-arep sapatemon (kalawan) Ingsun, sarta apirena kalawan kauripan donya, tuwin wus marem marang iku, apa déné para kang padha léna ing tandha-tandha Ningsun:

اِنَّ الَّذِيْنَ لَا يَرْجُوْنَ لِقَآءَنَا وَرَضُوْا
بِالْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَاطْمَاَنُّوْا بِهَا وَالَّذِيْنَ
هُمْ عَنْ اٰيٰتِنَا غٰفِلُوْنَ ۙ⑦

8 Iki, geni padunungané, amarga saka apa kang wus padha ditindakaké.

اُولٰٓئِكَ مَاْوٰىهُمُ النَّارُ بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ⑧

Quran punika *muhkam*, inggih punika: *suci saking sawarnining cecengkahan utawi lepat*. Utawi anggènipun kasebut makaten wau margi Quran punika mengku sisifatan warni kalih punika sadaya (Rgh).

1111. *Dlau'*, utawi *dlia'*, punika asring kaanggep nunggil teges kaliyan *nur*; nanging miturut sawenèh ngulami, tembung wau anggadhahi teges ingkang langkung kiyat katimbang *cahya* (LL). Ngulami sanès malih negesi bilih *dlau'*, utawi *dlia'*, punika ateges *cahya ingkang dumados saking awakipun piyambak*, déné *nur*, punika cahya ingkang dumados saking barang sanès (Mf, TA-LL). Rembulan kasebut *cahya sumunu*, punika miturut teges ingkang kasebut kantun wau, awit cahyaning rembulan makaten sambutan, kosokwangsul kaliyan surya, mila soroting surya punika winastan *dlia'*.

1112. Sagung titah, punika nadyan warni-warni, sadaya sami teluk dhateng angger-angger satunggal, sarta ingkang makaten wau suka pasaksèn ingkang terang ing kasawijènipun Ingkang-nitahaken. Boten prabéda lan jagad ingkang satmata punika teluk dhateng satunggaling angger-angger, lah makaten ugi inggih wonten satunggaling angger-angger ingkang tumindak wonten ing jagading ruhani tuwin budipakerti.

9 Sayekti, para kang padha angèstu sarta padha anglakoni panggawé becik, Pangérané bakal
a. 314 anuntun dhèwèké kalawan imané;[a] bakal mili kali-kaliné saka ing sangisoré, ing sajroning patamanan nugraha.[1113]

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
يَهْدِيهِمْ رَبُّهُمْ بِإِيمَانِهِمْ ۖ تَجْرِي
مِنْ تَحْتِهِمُ الْأَنْهَارُ فِي جَنَّاتِ النَّعِيمِ ﴿٩﴾

10 Bakal panguwuhé ana ing kono: Mahasuci Tuwan punika dhuh Allah! sarta bakal pakurma-té ing kono: Rahayu! Sarta bakal wekasaning panguwuhé: sadaya pangalembana punika kagunganipun Allah, Pangéraning sadaya ngalam.[1114]

دَعْوَاهُمْ فِيهَا سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ وَتَحِيَّتُهُمْ
فِيهَا سَلَامٌ ۚ وَآخِرُ دَعْوَاهُمْ أَنِ
الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿١٠﴾

RUKU' 2

Kayektèning Wahyuning Pangéran

11, 12. Wilasa dipun pintonaken, awon dipun icali. 13, 14. Wuwulang. 15—17. Kanyatanipun Wedharing Sabda kapurih migatosaken. 18—20. Pancasan dipun sumenèkaken.

11 Lan saupama Allah angénggalaké ala tumrap para manusa kaya déné anggoné padha angajab énggalé ing becik, amasthi, putusané wus tinamtu tumrap marang dhèwèké; ananging para kang padha ora angarep-arep sapatemon (kalawan) Ingsun, Ingsun togaké baé abilulungan ing dalem pandaluyané.[1115]

وَلَوْ يُعَجِّلُ اللَّهُ لِلنَّاسِ الشَّرَّ اسْتِعْجَالَهُمْ
بِالْخَيْرِ لَقُضِيَ إِلَيْهِمْ أَجَلُهُمْ ۖ فَنَذَرُ
الَّذِينَ لَا يَرْجُونَ لِقَاءَنَا فِي
طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُونَ ﴿١١﴾

1113. Papadhanging iman, ingkang nadyan ing gesang punika pisan sampun dados tatalesing tuntunan tumrap pandamelipun manusa, ing gesang sasampuning pejah badhé maujud langkung cumetha malih. Kula aturi nyundhukakaken kaliyan 57: 12, ing ngriku papadhang wau kasebut cahya ingkang lumampah ing sakiwatengenipun para angèstu.

1114. Panguwuhipun ingkang wiwitan: mahasucèkaken ing Pangéran, déné panguwuhipun ingkang wekasan: mangalembana ing Panjenenganipun. Pawicantenanipun satunggal lan satunggalipun, boten wonten sanès kajawi namung "rahayu," kados déné ing panggènan sanès kasebutaken makaten: "Ana ing kono ora bakal padha ngrungu ucap lalawora lan ucap dosa, kajaba mung pangucap: Rahayu, rahayu!" (56: 25, 26). Punika suwarganipun tiyang Islam, sarta katrangan punika sampun cekap kanggé amelèhaken ngantos kawirangan, tiyang ingkang cariyos bilih gambaring suwarganipun tiyang Islam ingkang kacitra wonten ing dhawuh-dhawuh ingkang tumurun ing Makkah punika yasanipun hawa - nafsu.

1115. Cacak sadaya tiyang mesthi kepéngin lan nyunyuwun, supados barang ingkang saé-saé punika tumunten kaparingna dhateng piyambakipun. Labet saking sih-wilasanipun Allah,

Ar. *susah anggrayang manusa*
Ar. *ana ing lem-pèngé*

12 Lan samangsa *manusa kataman susah*, anguwuh marang Ingsun, *kalawan miring*, utawa kalawan ngadeg; ananging bareng kasusahané wus Ingsun birat saka ing awaké, (banjur) anglungani, kaya-kaya ora tau anguwuh marang Ingsun karana kasusahan kang anggepok awaké; kaya mangkono, apa kang padha dilakoni dipaès-paèsi tumrap para wong kang padha langkah wates.

وَإِذَا مَسَّ الْإِنْسَانَ الضُّرُّ دَعَانَا لِجَنْبِهِ أَوْ قَاعِدًا أَوْ قَائِمًا فَلَمَّا كَشَفْنَا عَنْهُ ضُرَّهُ مَرَّ كَأَنْ لَمْ يَدْعُنَا إِلَىٰ ضُرٍّ مَسَّهُ ۚ كَذَٰلِكَ زُيِّنَ لِلْمُسْرِفِينَ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٢﴾

13 Lan yekti temen Ingsun wus anglebur umat ing sadurungé sira, bareng padha atindak dudu, lan para utusané wus padha anekani dhèwèké kalawan bukti-bukti terang, lan dhèwèké padha ora gelem angèstu; kaya mangkono anggon-Ingsun males para wong duraka.

وَلَقَدْ أَهْلَكْنَا الْقُرُونَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَمَّا ظَلَمُوا ۙ وَجَاءَتْهُمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنَاتِ وَمَا كَانُوا لِيُؤْمِنُوا ۚ كَذَٰلِكَ نَجْزِي الْقَوْمَ الْمُجْرِمِينَ ﴿١٣﴾

14 Tumuli Ingsun andadèkaké sira dadi para pamaréntah ing bumi ing sapungkuré dhèwèké, amurih Ingsun amirsanana, kapriyé tindakira.

ثُمَّ جَعَلْنَاكُمْ خَلَائِفَ فِي الْأَرْضِ مِنْ بَعْدِهِمْ لِنَنْظُرَ كَيْفَ تَعْمَلُونَ ﴿١٤﴾

15 Lan samangsa timbalan-timbalan-Ingsun kang terang diwacakaké marang dhèwèké, para kang padha ora angarep-arep sapatemon (kalawan) Ingsun acalathu: Anekakna Quran saliyané iki, utawa iku owahana.[1116] Calathua: ora layak tumrapé aku yèn ta ango-

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا بَيِّنَاتٍ ۙ قَالَ الَّذِينَ لَا يَرْجُونَ لِقَاءَنَا ائْتِ بِقُرْآنٍ غَيْرِ هَٰذَا أَوْ بَدِّلْهُ ۚ قُلْ مَا يَكُونُ لِي

Panjenenganipun inggih kapareng ngénggalaken lumintiring barang-barang wau dhateng para manusa. Nanging awit saking bodhonipun, para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci sami nyunyuwun supados awon tumunten dipun dhawahaken dhateng piyambakipun, awit para titiyang wau sami wicanten: "Dhuh Allah! manawi punika barang yakti saking ngarsa Tuwan, lah mugi Tuwan anjawahaken séla saking langit dhateng kawula, utawi andhatengaken siksa ingkang nyakiti dhateng kawula" (8: 32). Nanging rèhning Allah punika agung wilasa-Nipun, mila Panjenenganipun inggih boten karsa énggal-énggal minangkani panyuwunipun wau, awit saupami Panjenenganipun amarengna, sayekti sami sanalika Panjenenganipun nyirnakaken piyambakipun punika sadaya.

1116. Ingkang dipun péngini para titiyang wau, dhawuh ingkang boten nglepataken pakartinipun

أَنْ أُبَدِّلَهُ مِنْ تِلْقَآئِ نَفْسِيٓ ۚ إِنْ أَتَّبِعُ إِلَّا مَا يُوحَىٰٓ إِلَيَّ ۖ إِنِّيٓ أَخَافُ إِنْ عَصَيْتُ رَبِّي عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ﴿١٥﴾

wahana iki saka mogaku dhéwé; aku ora liya mung manut apa kang diwedharaké marang aku: sayekti aku iki wedi siksa ing dina kang agung, yèn ta aku andhaga ing Pangéranku.[1117]

قُلْ لَّوْ شَآءَ اللّٰهُ مَا تَلَوْتُهُ عَلَيْكُمْ وَلَآ أَدْرٰىكُمْ بِهٖ ۖ فَقَدْ لَبِثْتُ فِيكُمْ عُمُرًا مِّنْ قَبْلِهٖ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿١٦﴾

16 Calathua: Upama Allah angarsakna (saliyané mangkono), ora bakal iku dakwacakaké marang kowé, sarta ora bakal iku *diwulangaké* kowé; lah temen sadurungé iki aku salawasé manggon nunggal kowé; lah apa ta kowé padha ora ngerti?[1118]

Ut. *diweruhaké*

فَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ بِاٰيٰتِهٖ ۚ إِنَّهُ لَا يُفْلِحُ الْمُجْرِمُونَ ﴿١٧﴾

17 Lah sapa ta kang luwih atindak dudu tinimbang wong kang agawé doracara marang Allah utawa (kang) anggorohaké timbalan-timbalan-É? Sayekti para dosa iku ora bakal begja.

---

ingkang awon tuwin anggènipun nembah brahala, makaten ugi ingkang boten ngemot pangancam badhé leburipun para titiyang wau.

1117. Yèn aku iku wedi tumibaning siksa kang marang aku, manawa aku ora manut ing Pangéranku, lah yagéné aku teka ora memélingi kowé kabèh kang padha andaga ing Pangéranmu? Dhawuh punika boten mengku suraos, bilih ingkang dipun karsakaken Kanjeng Nabi punika walèh bilih anggènipun boten karsa ngewahi Quran punika margi ajrih ing siksa. Wangsul dhawuh punika malah anedahaken genging kasetyanipun Kanjeng Nabi dhateng dhawuh-dhawuhing Pangéran ingkang katurunaken dhateng panjenenganipun; sadaya piwulangipun katindakaken.

1118. Katemenan saha katulusanipun Kanjeng Nabi ing nalika jaman sadèrènging panjenenganipun tampi wahyuning Pangéran, boten wonten tiyang ingkang saged maiben, sarta panjenenganipun kaloka panggalihanipun ingkang makaten wau, ngantos ing nagarinipun panjenenganipun misuwur kajulukan *Al-Amin*, jawinipun: *ingkang pinitados*. Terangipun dhawuh ing ayat punika makaten: para titiyang kathah sampun sami angakeni, bilih ing sadanguning sugengipun, panjenenganipun boten naté ngandika dora, dalasan kanggé mikantukakaken sariranipun piyambak inggih boten; lah manawi makaten rak inggih kaselak mokal sanget ta manawi ing sapunika, inggih punika ing sasampuning panjenenganipun ngancik yuswa sepuh tur sampun ambaleret nafsunipun, lajeng malik grembyang karsa ngandika dora, tur punika mitunani dhateng sariranipun piyambak? Jalaran manawi sadaya piwulangipun punika dora, panjenenganipun mulangaken punapa wontenipun, punika panjenenganipun boten bathi nanging tuni, awit inggih margi saking anggènipun mumulang wau panjenenganipun lajeng nandhang panganiaya ingkang sanget. Kacariyos ing satunggaling wekdal panjenenganipun jumeneng wonten ing redi Safa nglempakaken tiyang kathah, sarta sasampunipun sami ngalempak panjene-nganipun lajeng andangu punapa para titiyang kathah wau sampun sami nyumerepi anggènipun Kanjeng Nabi naté ngandika dora. Para titiyang kathah sami saur peksi mangsuli manawi dèrèng. Panjenenganipun lajeng mituturi, manawi para titiyang wau boten sami mantuni kalakuanipun sayekti badhé nemahi kacilakan ageng. Abu Lahab lajeng misuh-misuh, titiyang kathah lajeng bibaran. Kajawi ingkang sampun kaandharaken

Ut. *panglan-tarku*

Ar. *lan ora*

18 Lan dhèwèké padha angabdi marang barang saliyané Allah, kang ora bisa mitunani lan ora bisa migunani marang dhèwèké, sarta padha calathua: Iki *pantaraku* ana ing ngarsaning Allah. Calathua: Apa ta kowé padha amartani Allah barang kang Panjenengané ora udani ing langit-langit *lan* ing bumi? Mahasuci Panjenengané lan Mahaluhur saka barang kang padha didadèkaké sisihan-É.

وَيَعْبُدُونَ مِنْ دُونِ اللَّهِ مَا لَا يَضُرُّهُمْ
وَلَا يَنْفَعُهُمْ وَيَقُولُونَ هَٰؤُلَاءِ شُفَعَاؤُنَا
عِنْدَ اللَّهِ ۚ قُلْ أَتُنَبِّئُونَ اللَّهَ بِمَا لَا يَعْلَمُ
فِي السَّمَاوَاتِ وَلَا فِي الْأَرْضِ ۚ سُبْحَانَهُ
وَتَعَالَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿١٨﴾

a. 271, 272

19 Lan manusa iku ora liya kajaba umat sawiji,[a] wasana padha sulaya;[1119] lan saupama oraa wus ana sabda saka Pangéranira kang andhisiki, yekti ing kono tumrap barang kang dhèwèké padha sulaya wis dipancasi ing antarané dhèwèké.[1120]

وَمَا كَانَ النَّاسُ إِلَّا أُمَّةً وَاحِدَةً
فَاخْتَلَفُوا ۚ وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِنْ
رَبِّكَ لَقُضِيَ بَيْنَهُمْ فِيمَا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿١٩﴾

20 Lan dhèwèké padha calathu: Yagéné ora ana tandha tinurunaké marang dhèwèké saka Pangérané? Lan calathua: Barang kang ora katon iku mung kagungané Allah, mulané padha sira ngentènana; sayekti aku iki barenganira, uga golongané para kang padha angentèni.[1121]

وَيَقُولُونَ لَوْلَا أُنْزِلَ عَلَيْهِ آيَةٌ مِنْ
رَبِّهِ ۖ فَقُلْ إِنَّمَا الْغَيْبُ لِلَّهِ فَانْتَظِرُوا
إِنِّي مَعَكُمْ مِنَ الْمُنْتَظِرِينَ ﴿٢٠﴾

---

ing nginggil, perlu katerangaken sakedhik, minangka titimbangan makaten: tiyang ingkang ing sadangunipun boten naté katingal anggatosaken gesangipun tiyang kathah lan caraning manembah para titiyang kathah, kajawi wontenipun namung muhung sugeng miyambak, mokal sanalika lajeng éwah sugengipun awit saking moganipun piyambak.

1119. Para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci ugi sami nulayani panjenenganipun utawi nampik boten purun nampèni panjenenganipun, boten prabéda kaliyan umat ingkang sampun-sampun punika inggih sami angemohi nabi-nabinipun, jalaran sayektosipun sadaya manusa punika umat satunggal

1120. Sabda ingkang ngrumiyini, punika sampun kasebutaken wonten ing pinten-pinten panggènan. Ing ngriki para maos kula caosi contonipun, makaten: "Dhèwèké padha calathu: Kapan bakal kalakoné ancaman iki, yèn kowé iku padha wong temen? Calathua: Bisa uga sawenèh kang padha sira gégé iku wis cedhak marang kowé" (27: 71, 72). Malih: "Calathua: Wus ana katetepan dina sawiji tumrap marang sira, ora bisa sira ngunduraké sadhéla saka ing kono sarta ora bisa sira ngajokaké" (34: 30) (mirsanana 2037).

1121. Nitik suraosing dhawuh ngajengipun saha wingkingipun, terang manawi ingkang kasuwun punika siksa ingkang dipun ancamaken dhateng para titiyang wau amargi ingkang mesthi kémawon

RUKU' 3

Pangrengkuh ingkang adhadhasar welasasih

21-24. Wilasanipun Allah anungka cobi. 25, 26. Para tulus badhé tansah tetep ing karahayon. 27-30. Para awon kedah dipun pidana.

21 Lan samangsa Ingsun angicipaké manusa ing wilasa ing sawisé kasusahan *angenani* dhèwèké,[1122] lah, ing kono dhèwèké padha angrékadaya lumawan ing timbalan-timbalan-Ingsun. Calathua: Allah iku luwih rikat ing pangrékadaya; sayekti para utusan-Ingsun iku padha anulisi apa pangrékadayanira.

Ar. *anggrayang*

وَإِذَآ أَذَقْنَا النَّاسَ رَحْمَةً مِّنۢ بَعْدِ ضَرَّآءَ
مَسَّتْهُمْ إِذَا لَهُم مَّكْرٌ فِىٓ ءَايَاتِنَا ۚ قُلِ
اللَّهُ أَسْرَعُ مَكْرًا ۚ إِنَّ رُسُلَنَا
يَكْتُبُونَ مَا تَمْكُرُونَ ﴿٢١﴾

22 Panjenengané iku Kang anglakokaké sira ana ing dharatan lan sagara; nganti, nalika sira padha ana ing prau, lan alalayaran angemot dhèwèké kalawan angin becik, sarta padha seneng déning mangkono iku, angin ribut tumiyup anekani kono, sarta alun anempuh dhèwèké saka sadhéngah panggonan, tuwin dadi padha yakin yèn awaké kalimputan déning iku, (tumuli) padha nyunyuwun ing Allah, kalawan tulus ing pambangun-turut marang Panjenengané: Manawi Tuwan amilujengaken saking punika, saèstu kawula badhé dados golonganipun para ingkang angaturaken panuwun.

هُوَ الَّذِى يُسَيِّرُكُمْ فِى الْبَرِّ وَالْبَحْرِ ۖ حَتَّىٰٓ
إِذَا كُنتُمْ فِى الْفُلْكِ ۚ وَجَرَيْنَ بِهِم بِرِيحٍ
طَيِّبَةٍ وَفَرِحُوا۟ بِهَا جَآءَتْهَا رِيحٌ عَاصِفٌ
وَجَآءَهُمُ الْمَوْجُ مِن كُلِّ مَكَانٍ وَظَنُّوٓا۟
أَنَّهُمْ أُحِيطَ بِهِمْ ۙ دَعَوُا۟ اللَّهَ مُخْلِصِينَ
لَهُ الدِّينَ ۚ لَئِنْ أَنجَيْتَنَا مِنْ هَٰذِهِۦ
لَنَكُونَنَّ مِنَ الشَّٰكِرِينَ ﴿٢٢﴾

para titiyang wau boten sami purun wanuh kaliyan tandha yakti sanèsipun. Mila dhawuh wangsulanipun, para titiyang wau ingandikakaken ngantosi punika, awit dalasan tandha yakti ingkang kasuwun wau, meksa inggih badhé kelampahan saèstu. Manawi dhawuh punika boten dipun suraos kalayan lebet, tiyang saged lajeng gadhah panginten bilih punika mengku suraos ngemohi anggelar tandha yekti. Nanging panyuraos punika cetha manawi lepat, amargi kalayan terang ayat punika andhawuhaken para titiyang wau ingandikakaken *ngantosi* tandha yakti ingkang badhé dhateng.

1122. Sawenèh ngulami gadhah pamanggih, bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika paceklik ingkang kalampahan ing nagari Makkah ngantos pitung taun dangunipun (Rz). Déné bab paceklik punika, mirsanana 2269. Saged ugi kasusahan ingkang katerangaken ing ngriki punika umum, inggih punika kasusahan limrah ingkang sok nemahi manusa, tuladhanipun katerangaken wonten ing ayat candhakipun.

23 Ananging bareng padha Dislametaké, ing kono banjur padha mirong ana ing bumi kalawan ora bener. É, para manusa! Pamirongira iku mung mitunani marang jiwanira dhéwé – (mung) pasadhiyané kauripan donya iki – tumuli marang Ingsun bakal enggonira bali, banjur Ingsun bakal amartani sira tumrap apa kang wus padha sira lakoni.

فَلَمَّآ أَنجَىٰهُمْ إِذَا هُمْ يَبْغُونَ فِى ٱلْأَرْضِ
بِغَيْرِ ٱلْحَقِّ ۗ يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ إِنَّمَا بَغْيُكُمْ
عَلَىٰٓ أَنفُسِكُم ۖ مَّتَٰعَ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۖ ثُمَّ
إِلَيْنَا مَرْجِعُكُمْ فَنُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ
تَعْمَلُونَ ﴿٢٣﴾

Ut. *carub karo*

24 Sanépané kauripan donya iku mung kaya banyu, kang Ingsun turunaké saka ing mendhung, banjur *nuwuhaké angrembaka* tutuwuhaning bumi, kang minangka panganing manusa lan rajakaya; nganti, samangsa bumi manganggo panganggoné mas-masan sarta apapaès, lan wongé padha nyana yèn dhèwèké anguwasani marang iku, paréntah-Ingsun tumeka mrono ing wengi utawa ing raina; mulané, iku Ingsun dadèkaké kaya wus dienèni, kaya-kaya iku dhèk wingi ora ana; kaya mangkono Ingsun amijangaké timbalan-timbalan tumrap wong kang padha mikir-mikir.

إِنَّمَا مَثَلُ ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا كَمَآءٍ أَنزَلْنَٰهُ
مِنَ ٱلسَّمَآءِ فَٱخْتَلَطَ بِهِۦ نَبَاتُ ٱلْأَرْضِ
مِمَّا يَأْكُلُ ٱلنَّاسُ وَٱلْأَنْعَٰمُ حَتَّىٰٓ
إِذَآ أَخَذَتِ ٱلْأَرْضُ زُخْرُفَهَا وَٱزَّيَّنَتْ
وَظَنَّ أَهْلُهَآ أَنَّهُمْ قَٰدِرُونَ عَلَيْهَآ أَتَىٰهَآ
أَمْرُنَا لَيْلًا أَوْ نَهَارًا فَجَعَلْنَٰهَا حَصِيدًا
كَأَن لَّمْ تَغْنَ بِٱلْأَمْسِ ۚ كَذَٰلِكَ نُفَصِّلُ
ٱلْءَايَٰتِ لِقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ ﴿٢٤﴾

25 Lan Allah iku anguwuh marang enggon karahayon sarta anuntun sapa kang dadi karsané marang dalan kang bener.[1123]

وَٱللَّهُ يَدْعُوٓا۟ إِلَىٰ دَارِ ٱلسَّلَٰمِ وَيَهْدِى
مَن يَشَآءُ إِلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٢٥﴾

1123. Lah punika katerangan sanès malih bab suwarganipun tiyang Islam, kasebut: *dâru-s-salâm*, utawi *enggèning karahayon*, kosokwangsul kaliyan panggènanipun tiyang dosa, inggih punika latu. Tembung *salâm,* punika nunggil asli kaliyan tembung *Islâm*. Malah menggah ing sajatos-jatosipun, agami Islam andadosaken jagad punika ugi, dados enggèning rahayu tumrap tiyang Islam sajati. Nadyan ing gesang punika pisan, tiyang Islam sami damel rahayu kaliyan Gusti Pangéranipun, saha gesang kalayan rahayu kaliyan sasamining manusa. Cekakipun ing dalem Islam, rahayu punika dados idham-idhaman ingkang angka satunggal, ngantos Kanjeng Nabi Suci mlanggeri ingkang nama tiyang Muslim sajati punika makaten: Wong Muslim, yaiku wong kang lésané utawa tangané ora gawé pituna marang sok wonga Muslim.” Rahayu ing gesang ingkang badhé dhateng, ingkang marambah-rambah sinebut taman utawi suwarga, punika menggah ing sajatos-jatosipun tutugipun kantentremaning manah ingkang dipun panggih déning tiyang Muslim ing gesang sapunika punika.

لِلَّذِينَ أَحْسَنُوا الْحُسْنَىٰ وَزِيَادَةٌ ۖ وَلَا يَرْهَقُ وُجُوهَهُمْ قَتَرٌ وَلَا ذِلَّةٌ ۚ أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَنَّةِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿٢٦﴾

26 Tumrap para kang padha anindakaké kabecikan, (ganjarané iya) becik, lan luwih (saka iku); sarta keluwus ora bakal anglimputi rai-rainé, *mangkono uga* ina; yaiki wonging patamanan, padha ana ing kono pamanggoné.[1124]

Ar. *lan uga*

وَالَّذِينَ كَسَبُوا السَّيِّئَاتِ جَزَاءُ سَيِّئَةٍ بِمِثْلِهَا وَتَرْهَقُهُمْ ذِلَّةٌ ۖ مَا لَهُمْ مِنَ اللَّهِ مِنْ عَاصِمٍ ۖ كَأَنَّمَا أُغْشِيَتْ وُجُوهُهُمْ قِطَعًا مِنَ اللَّيْلِ مُظْلِمًا ۚ أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ النَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿٢٧﴾

27 Wondéné para kang padha amakolih ing ala, pidanané ala iku samurwaté, sarta ina bakal anekani dhèwèké – ora bakal duwé tatamèng panulaking Allah – kaya-kaya rainé kalimputan ing péranganing wengi kang peteng lilimengan: ya iki wonging geni, padha ana ing kono pamanggoné.

وَيَوْمَ نَحْشُرُهُمْ جَمِيعًا ثُمَّ نَقُولُ لِلَّذِينَ أَشْرَكُوا مَكَانَكُمْ أَنْتُمْ وَشُرَكَاؤُكُمْ ۚ فَزَيَّلْنَا بَيْنَهُمْ ۖ وَقَالَ شُرَكَاؤُهُمْ مَا كُنْتُمْ إِيَّانَا تَعْبُدُونَ ﴿٢٨﴾

28 Lan ing dina bakalé Ingsun angimpun dhèwèké kabèh, tumuli Ingsun bakal angandika marang para kang padha anjèjèraké sesembahan (minangka sisihané Allah): Tetepa ing panggonanira, sira sarta jèjèranira! Tumuli bakal Ingsun pisahaké antarané dhèwèké, sarta jèjèrané acalathu: Rak ora marang aku anggonira padha angawula.

فَكَفَىٰ بِاللَّهِ شَهِيدًا بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمْ إِنْ كُنَّا عَنْ عِبَادَتِكُمْ لَغَافِلِينَ ﴿٢٩﴾

29 Lah wis cukup Allah minangka saksi antarané aku lan *kowé*, yèn aku marang pangawulamu temen ora ngrumangsani.

Ar. *antarané kowé*

هُنَالِكَ تَبْلُو كُلُّ نَفْسٍ مَا أَسْلَفَتْ

30 Ing kono siji-sijining jiwa padha dadi weruh apa kang wus padha dilakoni ing dhingin-dhi-

1124. Ing Quran Suci kapangandikakaken. bilih ganjaraning pandamel saé, punika tikel-matikel, langkung saking piwales samurwatipun. Nanging manawi pandamel awon punika kapangandikakaken bilih manawi boten dipun apunten inggih dipun pidana kalayan siksa saminipun. Kadosta ing 42: 25 tuwin 26 wonten dhawuh makaten: "Lan Panjenengané iku Kang anampani pitobating para kawula-Né sarta angapura panggawé dudu, apa déné angudanéni apa panggawému. Lan Panjenengané anyembadani para kang padha angèstu lan nindakaké panggawé becik, apa déné amuwuhi lubering paparing-É marang dhèwèké." Ing 6: 161 wonten dhawuh makaten: "Sapa sing teka kalawan kabecikan, bakal olèh sapuluh mono, lan sapa sing teka kalawan panggawé ala, lah ora bakal winales kajaba satimbangé" (mirsanana 849).

ngin, sarta bakal padha dibalèkaké marang Allah, Bandarané kang satuhu, sarta sirna saka ing dhèwèké apa bawa-anggité dhéwé.

وَرُدُّوٓا إِلَى اللّٰهِ مَوْلٰىهُمُ الْحَقِّ وَضَلَّ
عَنْهُمْ مَّا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ۳۰

RUKU' 4

Paparingipun Allah tanpa timbang

31-34. Paparingipun Allah ing ngalam wadhag tanpa timbang. 35. 36. Tuntunan punika Allah ingkang maringi. 37-40. Wedharing Sabdanipun Allah punika tanpa timbang.

31 Calathua: Sapa sing angrijekèni sira saka ing langit lan bumi? Utawa sapa kang anguwasani pangrungu lan pandeleng? Lan sapa kang angetokaké barang urip saka barang mati sarta angetokaké barang mati saka barang urip? Lan sapa kang mranata sakèhing prakara? Lah dhèwèké bakal padha mangsuli: Allah. Tumuli calathua: Lah apa ta sira ora bakal *anjaga dhiri (saka ing ala)*?

Ut. *bekti*

قُلْ مَنْ يَّرْزُقُكُمْ مِّنَ السَّمَآءِ وَالْاَرْضِ
اَمَّنْ يَّمْلِكُ السَّمْعَ وَالْاَبْصَارَ وَمَنْ
يُّخْرِجُ الْحَيَّ مِنَ الْمَيِّتِ وَيُخْرِجُ الْمَيِّتَ
مِنَ الْحَيِّ وَمَنْ يُّدَبِّرُ الْاَمْرَ فَسَيَقُوْلُوْنَ
اللّٰهُ فَقُلْ اَفَلَا تَتَّقُوْنَ ۳۱

32 Lah yaiku Allah, Pangéranira, kang satuhu. Lah apa manèh *saliyané* kang satuhu kajaba kang sasar; lah kapriyé anggonira padha diéngokaké?

Ar. *sawisé*

فَذٰلِكُمُ اللّٰهُ رَبُّكُمُ الْحَقُّ فَمَاذَا بَعْدَ
الْحَقِّ اِلَّا الضَّلٰلُ فَاَنّٰى تُصْرَفُوْنَ ۳۲

33 Kaya mangkono, kayektèn sabdaning Pangéranira anibani para kang padha murang yekti, déné padha ora angèstu.[1125]

كَذٰلِكَ حَقَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ عَلَى الَّذِيْنَ
فَسَقُوْٓا اَنَّهُمْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۳۳

34 Calathua: Apa sawenèhé para jèjèranira ana kang bisa *analesi* dumadi, (sarta) banjur andadèkaké iku? Calathua: Allah kang *analesi* dumadi (sarta) banjur andadèkaké iku; lah kapriyé anggonira padha diéngokaké?

Ut. *anga-nakaké sakawit*
Ut. *anga-nakaké sakawit*

قُلْ هَلْ مِنْ شُرَكَآئِكُمْ مَّنْ يَّبْدَؤُا
الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيْدُهٗ قُلِ اللّٰهُ يَبْدَؤُا الْخَلْقَ
ثُمَّ يُعِيْدُهٗ فَاَنّٰى تُؤْفَكُوْنَ ۳۴

1125. "Sabdaning Pangéran" punika ingkang dipun karsakaken pancasan siksa ingkang mesthi dhumawah margi saking anggènipun boten sami purun angèstu, utawi anggènipun boten purun angèstu punika margi saking anggènipun sami murang yakti.

35 Calathua: Apa sawenèhé para jèjèranira ana kang nuntun marang yakti? Calathua: Allah kang nuntun marang yakti, iku sing luwih bener tinuruta, apa ta sing ora ngambah dalan bener kajaba yèn tinuntuna? Lah apa ta iku tumrapé sira: kapriyé anggonira padha mutusi?

قُلْ هَلْ مِنْ شُرَكَآئِكُمْ مَّنْ يَّهْدِيْٓ اِلَى الْحَقِّ ۗ قُلِ اللّٰهُ يَهْدِيْ لِلْحَقِّ ۗ اَفَمَنْ يَّهْدِيْٓ اِلَى الْحَقِّ اَحَقُّ اَنْ يُّتَّبَعَ اَمَّنْ لَّا يَهِدِّيْٓ اِلَّآ اَنْ يُّهْدٰى ۚ فَمَا لَكُمْ ۗ كَيْفَ تَحْكُمُوْنَ ﴿٣٥﴾

36 Lan akèh-akèhé ora liya kajaba padha manut panyana; sayekti panyana iku ora makolèhi apa-apa ingatasé barang yekti; sayekti Allah iku udani marang apa kang padha dilakoni.

وَمَا يَتَّبِعُ اَكْثَرُهُمْ اِلَّا ظَنًّا ۗ اِنَّ الظَّنَّ لَا يُغْنِيْ مِنَ الْحَقِّ شَيْـًٔا ۗ اِنَّ اللّٰهَ عَلِيْمٌ ۢ بِمَا يَفْعَلُوْنَ ﴿٣٦﴾

37 Lan ora pisan kok Quran iki kena dianggit ing saliyané Allah, ananging iku minangka ambe-
a. 70 neraké kang sangarepé[a] sarta kate-
rangan awijang (tumrap marang) kitab, ora ana semangé ing kono, saka Pangéraning ngalam kabèh.[1126]

وَمَا كَانَ هٰذَا الْقُرْاٰنُ اَنْ يُّفْتَرٰى مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَلٰكِنْ تَصْدِيْقَ الَّذِيْ بَيْنَ يَدَيْهِ وَتَفْصِيْلَ الْكِتٰبِ لَا رَيْبَ فِيْهِ مِنْ رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٣٧﴾

38 Apa ta dhèwèké padha calathu: Iku dhèwèké sing nganggit? Calathua: lah mara nekakna saebab kang padha karo iku, sarta ngajaka sapa sabisamu, saliyané Allah,
a. 36 manawa kowé padha temen.[a]

اَمْ يَقُوْلُوْنَ افْتَرٰىهُ ۗ قُلْ فَأْتُوْا بِسُوْرَةٍ مِّثْلِهٖ وَادْعُوْا مَنِ اسْتَطَعْتُمْ مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ اِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ﴿٣٨﴾

39 Ora, balik padha anggorohaké marang barang kang dhèwèké ora amumpuni kawruhé, sarta

بَلْ كَذَّبُوْا بِمَا لَمْ يُحِيْطُوْا بِعِلْمِهٖ وَ

1126. Quran nerangaken kalayan dhawuh ingkang terang gamblang, tatales-tatalesing agami ingkang wigatos-wigatos kathah sanget, ingkang wonten ing kitab ingkang sampun-sampun boten kacethakaken, aliyas taksih peteng. Upaminipun kémawon , ing babagan wigatosipun piwulang bab kiyamat utawi gesang sasampuning pejah, Bébel boten cetha kateranganipun; ngantos Kanjeng Nabi ‘Isa (Yesus) piyambak, nalika dipun suwuni pirsa déning titiyang Saduki, lajeng medharaken bukti, boten mendhet waton saking ayating kitab suci (Mat. 22: 23, sapiturutipun). Makaten ugi sifat-sifatipun Pangéran inggih boten katerangaken kalayan dhawuh ingkang terang, milanipun lajeng tuwuh wonten piwulang bab Kapangéranipun Kanjeng Nabi ‘Isa punika. Kitab Quran nerangaken sadaya bab-bab bangsanipun makaten wau kalayan panjang, wasana sadaya masalah wau gumathok wuwudharanipun.

wekasaning kadadéané durung tumeka marang dhèwèké;[1127] kaya mangkono (uga) para (wong) ing sadurungé (iya) anggorohaké (kasunyatan); lah delengen, kapriyé temahané para wong atindak dudu.

لَمَّا يَأْتِهِمْ تَأْوِيلُهُ ۚ كَذَٰلِكَ كَذَّبَ الَّذِينَ
مِنْ قَبْلِهِمْ ۖ فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ
الظَّالِمِينَ ﴿٣٩﴾

40 Lan sawenèhé ana kang angèstu ing iku, sarta sawenèhé ana kang ora angèstu iku, lan Pangéranira iku luwih Angudanèni marang para kang agawé wisuna.

وَمِنْهُمْ مَنْ يُؤْمِنُ بِهِ وَمِنْهُمْ مَنْ لَا
يُؤْمِنُ بِهِ ۚ وَرَبُّكَ أَعْلَمُ بِالْمُفْسِدِينَ ﴿٤٠﴾

RUKU' 5

Para waton sarta pidananipun

41-44. Tiyang awon. 45-53. Temahanipun angemohi yekti.

41 Lan manawa dhèwèké padha anggorohaké sira, lah calathua: Tumanja aku dhéwé panggawéku, lan tumanja sira dhéwé panggawénira; sira lebaran saka panggawéku lan aku lebaran saka panggawé sira.

وَإِنْ كَذَّبُوكَ فَقُلْ لِي عَمَلِي وَلَكُمْ
عَمَلُكُمْ ۖ أَنْتُمْ بَرِيئُونَ مِمَّا أَعْمَلُ
وَأَنَا بَرِيءٌ مِمَّا تَعْمَلُونَ ﴿٤١﴾

42 Lan sawenèhé ana kang padha angrungokaké marang sira, nanging apa ta sira bisa awèh rungu wong budheg, sanajan padha ora gelem ngerti?

وَمِنْهُمْ مَنْ يَسْتَمِعُونَ إِلَيْكَ ۚ أَفَأَنْتَ
تُسْمِعُ الصُّمَّ وَلَوْ كَانُوا لَا يَعْقِلُونَ ﴿٤٢﴾

43 Lan sawenèhé ana kang angingetaké marang sira, ananging apa ta sira bisa anuduhaké dalan wong wuta sanajan padha ora gelem andeleng?[1128]

وَمِنْهُمْ مَنْ يَنْظُرُ إِلَيْكَ ۚ أَفَأَنْتَ
تَهْدِي الْعُمْيَ وَلَوْ كَانُوا لَا يُبْصِرُونَ ﴿٤٣﴾

1127. Tegesipun tembung *ta'wil* warni kalih, kula aturi mirsani 594. *Wasananing kadadéané* ing ngriki, ateges angsal-angsalaning anggènipun ngemohi yakti. Bab punika sampun cetha nitik dhawuh ing, 7: 53 makaten: "Dhèwèké padha ngentèni apa ta, kajaba kawusanané iku? Ing dina tekané kawusanané, para kang mauné padha anglirwakaké iku, bakal calathu: ...... lah apa ta samengko aku duwé juru-syafa'at kang banjur padha amakolèhaké marang aku?"

1128. Kacundhukna kaliyan 7: 179: "Padha duwé ati, iku ora dianggo mangertèni, lan padha duwé mripat, iku ora dianggo andeleng, lan padha duwé kuping, iku ora dianggo angrungokaké." Mirsanana 962.

44 Sayekti Allah iku ora atindak dudu marang manusa, ananging manusa iku kang atindak dudu marang awaké dhéwé.

إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَظْلِمُ ٱلنَّاسَ شَيْـًٔا وَلَٰكِنَّ
ٱلنَّاسَ أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿٤٤﴾

45 Lan ing dinané Panjenengané bakal angimpun dhèwèké, kaya-kaya ora liya mung saejam ing wayah raina anggoné manggon, bakal padha weruh siji marang sijiné.[1129] Temen rusak para kang padha anggorohaké marang sapatemon karo Allah, sarta dudu wong kang padha manut dadalan bener.

وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ كَأَن لَّمْ يَلْبَثُوٓا۟ إِلَّا
سَاعَةً مِّنَ ٱلنَّهَارِ يَتَعَارَفُونَ بَيْنَهُمْ ۚ
قَدْ خَسِرَ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِلِقَآءِ ٱللَّهِ
وَمَا كَانُوا۟ مُهْتَدِينَ ﴿٤٥﴾

46 Lan lamuna Ingsun ameruhaké sira sawenèhé kang Ingsun ancamaké dhèwèké, utawa Ingsun agawé patinira, lah iya marang
a. 45 Ingsun baliné, sarta[a] Allah iku Saksi tumrap sabarang panggawéné.[1130]

وَإِمَّا نُرِيَنَّكَ بَعْضَ ٱلَّذِى نَعِدُهُمْ
أَوْ نَتَوَفَّيَنَّكَ فَإِلَيْنَا مَرْجِعُهُمْ ثُمَّ ٱللَّهُ
شَهِيدٌ عَلَىٰ مَا يَفْعَلُونَ ﴿٤٦﴾

47 Lan tumrap siji-sijining bangsa wis ana Utusan;[1131] Lah samangsa Utusané wis teka, prakara antarané dhèwèké dipancasi kalawan jejeg, sarta ora bakal padha kinaniaya.[1132]

وَلِكُلِّ أُمَّةٍ رَّسُولٌ ۖ فَإِذَا جَآءَ
رَسُولُهُمْ قُضِىَ بَيْنَهُم بِٱلْقِسْطِ وَهُمْ
لَا يُظْلَمُونَ ﴿٤٧﴾

1129. Para titiyang wau sami badhé sumerep satunggal lan satunggalipun kados nalikanipun wonten ing donya, utawi sawenèhipun tiyang wau badhé nyumerepi sanèsipun ingkang lastantun dumunung ing kafir tuwin sasar (Rz).

1130. 'Marang Ingsun baliné," punika mengku teges bilih para titiyang ingkang sami dipun pèpèngeti punika badhé dipun patrapi déning Allah miturut punapa mesthinipun, sarta pèpènget wau badhé kalampahan saèstu. Ing péranganing ayat ingkang wiwitan para titiyang wau dipun dhawuhi, bilih sanès prakawisipun, punapa Kanjeng Nabi lastantun sugeng, kalampahan andhawahaken pidana dhateng piyambakipun kalayan astanipun piyambak, punapa siksa wau kadhawahaken déning Allah kalayan margi sanès. Dados ayat punika namung migatosaken bab badhé dhumawahing pidananipun para titiyang wau ingkang sampun andungkap badhé kalampahan. tuwin memèngeti para titiyang wau bilih badhé sami nandhang pituna margi saking tindakipun ingkang awon. Ayat candhakipun nerangaken kalayan cetha, bilih siksa wau ing sapérangan mesthi badhé kalampahan ing salebeting wekdal sugengipun Kanjeng Nabi.

1131. Kacundhukna kaliyan 35: 24: "Lan ora kena ora, saben ummat, ing kono mesthi wis tau ana juru-pépélingé." Punika salah satunggaling piwulangipun Quran ingkang adiluhung, ingkang awit saking punika sagung para manusa nama tansah kapotangan ageng dhateng Kanjeng Nabi Suci. Mirsanana 2055.

1132. Dhawuh punika mengku pèpènget, bilih nasib saminipun kados ingkang kasandhang para

48 Lan dhèwèké padha calathu: Kapan kalakoné pangancam iki, manawa kowé temen?

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْوَعْدُ إِنْ
كُنْتُمْ صَادِقِينَ ۝٤٨

49 Calathua: Marang awakku dhéwé aku ora anguwasani kang mitunani lan kang migunani, kajaba apa kaparenging Allah;[1133] siji-sijining bangsa iku ana wawangening mangsané; samangsa wawange-ning mangsané wis teka, lah ora bakal angèrèni saejam sarta ora bakal andhisiki (mangsané).[1134]

قُلْ لَا أَمْلِكُ لِنَفْسِي ضَرًّا وَلَا نَفْعًا إِلَّا
مَا شَاءَ اللَّهُ ۗ لِكُلِّ أُمَّةٍ أَجَلٌ ۚ إِذَا
جَاءَ أَجَلُهُمْ فَلَا يَسْتَأْخِرُونَ سَاعَةً
وَلَا يَسْتَقْدِمُونَ ۝٤٩

50 Calathua: Aku kandhanana manawa siksa-Né anekani sira ing wengi utawa raina! Apa ta karanané, déné prakara iku para wong duraka padha anggégé?[1135]

قُلْ أَرَأَيْتُمْ إِنْ أَتَاكُمْ عَذَابُهُ بَيَاتًا
أَوْ نَهَارًا مَاذَا يَسْتَعْجِلُ مِنْهُ الْمُجْرِمُونَ ۝٥٠

---

umat sanès, punika mesthi badhé dipun sandhang ugi déning para ingkang sami milawani Kanjeng Nabi. Dhawuh ingkang mungel: "antarané dhèwèké" punika kedah dipun suraos Utusan lan para titiyang ingkang andalih goroh dhateng panjenenganipun; awit manawi wonten satunggaling utusan mulangaken yakti, mangka dipun emohi déning umatipun, punika underaning prakawis rak lajeng antawisipun ingkang mulang lan ingkang angemohi.

1133. Tukang damel-damel mangsa puruna mungel makaten punika. Ngemungaken tiyang temen lan ikhlas kémawon ingkang purun walèh makaten punika, liripun tanpa ngakenaken saking awakipun piyambak, mulangaken kasunyatan kalayan punapa wontenipun, kanthi sagunging kaikhlasan. Marambah-rambah Kanjeng Nabi Suci ingandikakaken walèh anggènipun boten kuwaos murba-wisésa awon lan saé, dadosipun boten minihi pandhèrèkipun kalebetan gagasan ingkang asor. Yakti, punika kedah dipun tampèni karana yakti punika piyambak, boten karana pamrih ngajeng-ajeng murih angsal kadonyan utawi karana ajrih kécalan kadonyan.

1134. Ayat punika boten kok mulangaken *fatalisme* (sumarah ing pepesthèn kalayan tanpa ikhtiyar). Ayat punika medharaken kasunyatan ingkang boten saged pinaiben déning sok tiyanga ingkang lebda dhateng kawruh babad. Saben bangsa, punika boten prabéda lan saben tiyang, sami kaparingan wawangen menggah ing gesangipun. Bangsa, punika saged gesang lan saged pejah kados tiyang satunggal-satunggal makaten. Kawontenan punapa kémawon ingkang saged murugaken panjang utawi celaking wawangen wau, punika prakawis sanès; nanging nyata sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih saben bangsa punika mesthi gesang wonten ing salebeting wekdal wawangening gesangipun, saha lajeng pejah samangsa wawangen wau sampun pundhat.

1135. Siksa dhateng ing wanci dalu utawi ing raina, punika ateges dhumawahing siksa wau wonten ing wancinipum nalika para titiyang saweg sami suka pari suka utawi saweg ketungkul nyambut damel, ngantos boten maèlu babar pisan dhateng prakawis ageng ingkang sakalangkung wigatos, inggih punika prakawis ageng ingkang dados underaning gesang tumrap satunggaling bangsa. Dhawuh ingkang mungel: "Apa ta karanané, déné prakara iku para wong duraka padha anggégé?" punika mengku pangèman. Kacilakan sampun nyelaki; punapa perlunipun sami anggégé tumunten dhumawahing kacilakan wau kalayan kadurakanipun? Dhawuh punika ugi anedahaken sapinten sekeling panggalihipun Kanjeng Nabi nguningani anggènipun sami anggégé dhumawahing kacilakanipun wau.

51 Apa ta samangsa wis kalakon sira bakal angèstu ing iku? Apa! saiki (kowé pracaya)! lan temen sira wus padha anggégé ing prakara iku.

أَثُمَّ إِذَا مَا وَقَعَ آمَنْتُمْ بِهِ ۚ آلْآنَ وَقَدْ
كُنْتُمْ بِهِ تَسْتَعْجِلُونَ ﴿٥١﴾

52 Tumuli dipangandikakaké marang para kang padha atindak dudu: Padha ngrasakana siksa kang awèt; ora pisan sira winales kajaba karana apa kang wus padha sira pakolih!

ثُمَّ قِيلَ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا ذُوقُوا عَذَابَ
الْخُلْدِ ۚ هَلْ تُجْزَوْنَ إِلَّا بِمَا كُنْتُمْ تَكْسِبُونَ ﴿٥٢﴾

53 Lan dhèwèké padha nyuwun nerang marang sira: Apa nyata iku? Kandhanana: Iya, dhemi Pangéranku, sayekti iku temen nyata, lan ora bakal sira bisa suminggah.

وَيَسْتَنْبِئُونَكَ أَحَقٌّ هُوَ ۖ قُلْ إِي وَرَبِّي
إِنَّهُ لَحَقٌّ ۖ وَمَا أَنْتُمْ بِمُعْجِزِينَ ﴿٥٣﴾

RUKU' 6

Wilasa dhatengipun angrumiyini Pidana

54-56. Pangluwaran punika boten kénging tinumbas. 57, 58. Quran punika wilasa lan kamurahan. 59, 60. Kamurahan sarta wilasa punika sadangunipun tansah kaparingaken rumiyin.

54 Lan manawa siji-sijining jiwa kang atindak dudu andarbènana sabarang kang ana ing bumi, iku masthi arep dienggo nebusi sarta *angatonaké*[1136] piduwungé kalané andeleng siksa lan ing kono prakara iku dipancasi kalawan jejeg, tuwin dhèwèké padha ora dianiaya.

Ut. *anyingidaké*

وَلَوْ أَنَّ لِكُلِّ نَفْسٍ ظَلَمَتْ مَا فِي الْأَرْضِ
لَافْتَدَتْ بِهِ ۗ وَأَسَرُّوا النَّدَامَةَ لَمَّا
رَأَوُا الْعَذَابَ ۚ وَقُضِيَ بَيْنَهُمْ بِالْقِسْطِ
وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿٥٤﴾

55 O, sayekti kagunganè Allah sabarang kang ana ing langit-langit lan bumi; O, sayekti janjiné Allah iku nyata, ananging kèh-kèhané padha ora weruh.

أَلَا إِنَّ لِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۗ
أَلَا إِنَّ وَعْدَ اللَّهِ حَقٌّ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ
لَا يَعْلَمُونَ ﴿٥٥﴾

1136. *Asarra* punika salah satunggaling tembung ingkang anggadhahi teges warni kalih ingkang kosokwangsul. Tembung punika gadhah teges *nyingidaken* sarta *ngatingalaken*.

56 Panjenengané iku kang aparing urip lan aparing pati, lan marang Panjenengané sira bakal dibalèkaké.

هُوَ يُحْيٖ وَ يُمِيْتُ وَ اِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ﴿٥٦﴾

57 É, para manusa! temen wis tumeka marang sira pitutur saka Pangéranira, sarta tamba tumrap apa kang ana ing sajroning *ati-ati*, sarta tuntunan tuwin wilasa tumrap para angèstu.[1137]

Ar. *dhadha-dhadha*

يٰۤاَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَآءَتْكُمْ مَّوْعِظَةٌ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَ شِفَآءٌ لِّمَا فِي الصُّدُوْرِ ۙ وَ هُدًى وَّ رَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِيْنَ ﴿٥٧﴾

58 Calathua: Kalawan lubèring paparingé Allah sarta kalawan wilasa-Né, – lah iya kalawan iku anggoné bakal padha seneng; iku luwih becik tinimbang apa kang diklumpukaké.[1138]

قُلْ بِفَضْلِ اللّٰهِ وَ بِرَحْمَتِهٖ فَبِذٰلِكَ فَلْيَفْرَحُوْا ؕ هُوَ خَيْرٌ مِّمَّا يَجْمَعُوْنَ ﴿٥٨﴾

59 Calatuhua: aku kandhanana barang kang katurunaké déning Allah marang sira arupa rejeki, banjur iku kang sawenèh sira dadèkaké larangan sarta (sawenèhé sira dadèkaké) kaidèn. Calathua: Apa Allah aparing idin marang sira apa ta sira agawé-gawé goroh tumrap marang Allah?[1139]

قُلْ اَرَءَيْتُمْ مَّاۤ اَنْزَلَ اللّٰهُ لَكُمْ مِّنْ رِّزْقٍ فَجَعَلْتُمْ مِّنْهُ حَرَامًا وَّ حَلٰلًا ؕ قُلْ آٰللّٰهُ اَذِنَ لَكُمْ اَمْ عَلَى اللّٰهِ تَفْتَرُوْنَ ﴿٥٩﴾

1137. Ayat punika sarta ayat candhakipun, anedahaken kados pundi anggènipun Kanjeng Nabi dados wilasa (rahmat) dhateng para titiyang wau. Wongsal-wangsul piyambakipun sami nyuwun kaparingan siksa, nanging sami kapangandikan bilih langkung rumiyin Allah anurunaken dhateng piyambakipun barang ingkang saged dados usada tuwin tuntunan saha sih-wilasa tumrap para titiyang wau, inggih punika Quran Suci. Kula aturi nyundhukakaken kaliyan dhawuh ing 29: 51, ingkang anerangaken dhawuh wangsulanipun Pangéran nalika para titiyang kafir sami nyuwun dipun paringi tandha yakti ingkang saged adamel curnanipun para titiyang wau: “Apa ta ora cukup tumrap dhèwèké déné Ingsun wus anurunaké Kitab marang sira, winacakaké marang dhèwèké? Sayekti ing kono iku temen ana wilasa sarta péling tumrap wong kang padha angèstu.” Kitab Quran nganggep wilasa punika angka satunggal, siksa dhumawah angka kalih.

1138. Para titiyang wau nama sami nemaha cacawis siksa tuwin nglempakaken samukawis ingkang awon tumrap badanipun piyambak. Lah piyambakipun lajeng sami kadhawuhan, katimbang makaten punika, aluwung samia bingah-bingah wonten ing dalem nugraha saha wilasanipun Allah ingkang kaparingakên dhateng piyambakipun lumantar Quran Suci. Utawi saged ugi tegesipun punika, para titiyang wau sami nampik barang ingkang kanggé kaperluaning kawilujenganipun ruhani saha jasmani, nanging ketungkul ngalempakaken barang-barang dunyawi ingkang boten migunani dhateng awakipun bénjing wonten ing gesang sasampuning pejah.

1139. Boten prabéda kados anggènipun Allah sampun maringi para titiyang wau rejeki kanggé anyekapi kabetahanipun jasmani (wadhag) lah makaten ugi Panjenenganipun inggih anurunaken

60 Lan apa baya panyanané para kang padha agawé-gawé goroh tumrap marang Allah ing dinané kiyamat? Sayekti Allah iku temen Kang kagungan lubèring paparing marang para manusa, ananging kèh-kèhané padha ora atur panuwun.

وَمَا ظَنُّ الَّذِينَ يَفْتَرُونَ عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ
يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۗ إِنَّ اللَّهَ لَذُو فَضْلٍ عَلَى
النَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَشْكُرُونَ ﴿٦٠﴾

RUKU' 7

Pangayoman ing Kanjeng Nabi Suci saha para susatya

61-65. Pawartos bibingah tumrap para susatya. 66-70. Para kafir manut panyana-panyana sarta sami wicanten dora.

Ar. *dumunung ana ing*

61 Lah ora kena ora, manawa sira *lagi anglakoni* apa-apa, utawa lagi maca sapéranganè Quran, utawa lagi anindakaké sawijining panggawé masthi Ingsun dadi Saksi ingatasé sira, kalané sira tumindak ing kono apa déné ora pisan kasamaran ing Pangéranira (sanadyan mung) bobot samendhang ing bumi utawa ing langit, sarta ora kena ora kang luwih cilik saka iku utawa luwih gedhé, masthi ana ing jeroning kitab kang terang.[1140]

وَمَا تَكُونُ فِي شَأْنٍ وَمَا تَتْلُو مِنْهُ
مِنْ قُرْآنٍ وَلَا تَعْمَلُونَ مِنْ عَمَلٍ
إِلَّا كُنَّا عَلَيْكُمْ شُهُودًا إِذْ تُفِيضُونَ
فِيهِ ۚ وَمَا يَعْزُبُ عَنْ رَبِّكَ مِنْ
مِثْقَالِ ذَرَّةٍ فِي الْأَرْضِ وَلَا فِي
السَّمَاءِ وَلَا أَصْغَرَ مِنْ ذَٰلِكَ وَلَا
أَكْبَرَ إِلَّا فِي كِتَابٍ مُبِينٍ ﴿٦١﴾

62 O, sayekti para mitraning Allah – iku ora bakal padha kataman wedi sarta ora bakal susah.[1141]

أَلَا إِنَّ أَوْلِيَاءَ اللَّهِ لَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ
وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٦٢﴾

nugraha-Nipun tuwin wilasa-Nipun kanggé karahayoning ruhaninipun lumantar wahyu. Suprandéné piyambakipun sami nampik punika, kados-kados dipun anggep barang awisan tumrap piyambakipun. Utawi saged ugi ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika, anggènipun sami mastani sawenèhing barang: awisan tumrap piyambakipun, kalayan mengku pamrih karana ngurmati brahala-brahalanipun.

1140. Kitab ingkang terang ingkang kasebutaken wonten ing ngriki, punika mesthi kémawon inggih sanès dalancang isi seratan utawi cap-capan ingkang dipun bendhel (dipun samak) dados satunggal makaten. Kitab punika: angger-anggering Pangéran, inggih ingkang andadosaken sadaya pandamel, saé utawi awon, ageng utawi alit, sami nguwohaken wawalesipun piyambak-piyambak.

1141. Piyambakipum boten perlu nguwatosaken wekdal ingkang badhé dhateng, makaten ugi inggih boten badhé susah margi saking barang ingkang sampun katindakaken ing wekdal ingkang sampun-sampun. Punika piweca bab badhé kamenanganipun agami Islam, awit manawi tiyang punika sampun saged anggayuh ingkang kasedya, piyambakipun mesthi boten susah margi sampun kurban kanggé anggayuh sedyanipun wau. Déné bab prakawis kakuwatosan, sampun boten wonten

63 Para kang padha angèstu sarta padha prayitna (saka ing ala).

الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَكَانُوْا يَتَّقُوْنَ ۝٦٣

64 Bakal padha olèh warta bubungah[1142] ing dalem kauripan donya lan ing dalem akhirat; Ora ana owah-owahé tumrap sabdaning Allah;[1143] iku pakolèh kang gedhé.

لَهُمُ الْبُشْرٰى فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَفِي
الْاٰخِرَةِ ؕ لَا تَبْدِيْلَ لِكَلِمٰتِ اللّٰهِ ؕ
ذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝٦٤

65 Lan aja nganti pangucapé anusahaké sira, sayekti kawasa iku kagungané Allah kabèh; Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni.

وَلَا يَحْزُنْكَ قَوْلُهُمْ ۘ اِنَّ الْعِزَّةَ لِلّٰهِ
جَمِيْعًا ؕ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ ۝٦٥

66 O, sayekti kagungané Allah sadhéngah kang ana ing langit-langit lan sadhéngah kang ana ing bumi;[1144] lan para kang padha anguwuh saliyané Allah iku ora temenan manuté sekuthoné; ora liya kajaba mung padha manut panyana lan ora liya kajaba mung padha goroh.

اَلَآ اِنَّ لِلّٰهِ مَنْ فِي السَّمٰوٰتِ وَمَنْ فِي
الْاَرْضِ ؕ وَمَا يَتَّبِعُ الَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ
مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ شُرَكَآءَ ؕ اِنْ يَّتَّبِعُوْنَ اِلَّا
الظَّنَّ وَاِنْ هُمْ اِلَّا يَخْرُصُوْنَ ۝٦٦

---

semang-semangipun malih bilih nalika wekdal tumurunipun dhawuh punika, kawontenanipun para Muslimin mutawatosi sanget, saged kacures babar pisan: lah dhawuh punika mengku janji, bilih kawontenanipun para Muslimin ingkang makaten wau badhé kabirat.

1142. Kanjeng Nabi Suci ngandika: "*Al-Busyra, pawarta bubungah*, iku tegesé *impèn kang becik* kang diweruhi déning wong Muslim utawa kang diweruhaké marang wong liya ing babagan dhèwèké" (Rz). Bkh ugi ngriwayataken pangandika Nabi Suci ingkang nunggil suraos, makaten: "Kenabian iku wis ora ana, kang ana mung *mubasysyarat*. Para sahabat sami matur: *Mubasysyarat* punika punapa? Kanjeng Nabi ngandika *impèn kang becik*."

1143. Dhawuh ingkang mungel: *ora ana owah-owahé tumrap sabdaning Allah* punika manawi kalaras kaliyan dhawuh nginggilipun lan ngandhapipun, anedahaken kalayan terang bilih sabdaning Allah ing ngriki punika ateges *piweca*. Inggih punika piweca bab prakawis ganjaranipun para mukminin ingkang nembé kémawon kasebutaken wonten ing dhawuh nginggilipun dhawuh punika. Déné "ora ana owah-owahé," ateges bilih dhawuh piweca punika mesthi kalampahanipun. Kula aturi nocogaken kaliyan dhawuh saminipun punika ing 6: 34 lan 116 tuwin 18: 27, manawi dipun cundhukaken kaliyan dhawuh-dhawuh ngajengipun lan wingkingipun, nedahaken kalayan terang bilih boten wonten teges sanès ingkang kénging kanggé nyuraos dhawuh-dhawuh wau, kajawi kados ingkang sampun kaaturaken ing nginggil.

1144. Dhawuh punika nerangaken punapa ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing ayat ingkang sampun. Ing ngriku Kanjeng Nabi kadhawuhan sampun ngantos sekel panggalihipun déning pangucapipun para kafir bab anggènipun badhé ngalang-alangi pakaryanipun Kanjeng Nabi, jalaran "kawasa iku kagungané Allah kabèh," awit saking punika pakaryanipun Allah mesthi boten saged dipun wukaken. Makaten ugi suraos kados makaten punika ugi kawengku wonten ing dhawuh: "Kagungané Allah sadhéngah kang ana ing langit-langit lan sadhéngah kang ana ing bumi."

67 Panjenengané iku Kang andadèkaké wengi tumrap ing sira, supaya ing kono sira padha lerem, sarta raina kang amadhangi; sayekti ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong ngrungokaké.

هُوَ الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ الَّيْلَ لِتَسْكُنُوْا
فِيْهِ وَالنَّهَارَ مُبْصِرًا ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ
لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّسْمَعُوْنَ ﴿٦٧﴾

68 Dhèwèké padha calathu: Allah iku angalap putra! Mahasuci Panjenengané; Panjenengané iku Ingkang-Sugih; kagungan-É samubarang kang ana ing langit-langit lan samubarang kang ana ing bumi; sira ora duwé wisésa tumrap iki; apa ta sira iku padha calathu amitunani Allah barang kang sira padha ora weruh.

قَالُوا اتَّخَذَ اللّٰهُ وَلَدًا سُبْحٰنَهٗ ۗ هُوَ الْغَنِيُّ ۗ
لَهٗ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۗ
اِنْ عِنْدَكُمْ مِّنْ سُلْطٰنٍ بِهٰذَا ۗ اَتَقُوْلُوْنَ
عَلَى اللّٰهِ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ﴿٦٨﴾

69 Calathua: Sayekti, para kang padha agawé-gawé goroh marang Allah, iku ora bakal begja.

قُلْ اِنَّ الَّذِيْنَ يَفْتَرُوْنَ عَلَى اللّٰهِ الْكَذِبَ
لَا يُفْلِحُوْنَ ﴿٦٩﴾ ۗ

70 (Iku mung) pasadhiyan ing donya, tumuli marang Ingsun bakal padha baliné, banjur bakal padha Ingsun icipaké siksa kang abanget, amarga saka anggoné padha angafiri.

مَتَاعٌ فِي الدُّنْيَا ثُمَّ اِلَيْنَا مَرْجِعُهُمْ ثُمَّ
نُذِيْقُهُمُ الْعَذَابَ الشَّدِيْدَ بِمَا كَانُوْا يَكْفُرُوْنَ ﴿٧٠﴾

RUKU' 8

Angungak tuladhan lalampahanipun para Nabi

71-73. Nabi Nuh kaliyan mengsah-mengsahipun. 74. Nabi-nabi sanèsipun sumusul. 75-82. Pémutipun Nabi Musa dhateng Fir'aun.

71 Lan sira macakna marang dhèwèké warta marang lalakoné
a. 901 Nuh[a] nalika calathu marang bangsané: É, bangsaku! Manawa pamanggonku (nunggal lan sira) sarta pépélingku kalawan timbalan-timbalané Allah abot ingatasé sira, – lah marang Allah anggonku

وَاتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَاَ نُوْحٍ ۘ اِذْ قَالَ لِقَوْمِهٖ
يٰقَوْمِ اِنْ كَانَ كَبُرَ عَلَيْكُمْ مَّقَامِيْ وَ
تَذْكِيْرِيْ بِاٰيٰتِ اللّٰهِ فَعَلَى اللّٰهِ تَوَكَّلْتُ

فَأَجْمِعُوٓا أَمْرَكُمْ وَشُرَكَآءَكُمْ ثُمَّ لَا يَكُنْ
أَمْرُكُمْ عَلَيْكُمْ غُمَّةً ثُمَّ اقْضُوٓا إِلَيَّ
وَلَا تُنْظِرُوْنِ ﴿٧١﴾

suméndhé – lah pancasana prakaranira sarta (kumpulna) para sekutonira, tumuli aja nganti prakaranira iku semang-semang ing atasé sira, banjur padha ngrampungana marang aku, ora susah aku sira wènèhi sumené:[1145]

فَإِنْ تَوَلَّيْتُمْ فَمَا سَأَلْتُكُمْ مِّنْ أَجْرٍ ؕ
إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَى اللّٰهِ ۙ وَأُمِرْتُ أَنْ
أَكُوْنَ مِنَ الْمُسْلِمِيْنَ ﴿٧٢﴾

72 Déné manawa sira padha mlèngos, lah ora pisan aku anjaluk pituwas ing sira; ora liya pituwasku kajaba ana ing Allah, sarta aku didhawuhi supaya aku dadi golongané wong sing padha sumarah.

فَكَذَّبُوْهُ فَنَجَّيْنٰهُ وَمَنْ مَّعَهٗ فِي الْفُلْكِ
وَجَعَلْنٰهُمْ خَلٰٓئِفَ وَأَغْرَقْنَا الَّذِيْنَ كَذَّبُوْا
بِاٰيٰتِنَا ۚ فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُنْذَرِيْنَ ﴿٧٣﴾

Ut. *anggo-rohaké*

73 Ananging padha *angemohi* dhèwèké, mulané Ingsun anyalametaké dhèwèké karo réwangé ana ing prau sarta padha Ingsun dadèkaké pamaréntah lan para kang padha angemohi ing timbalan-timbalan Ingsun padha Ingsun

a. 902

kelem;[a] Lah delengan kapriyé katemahané wong kang padha diélingaké.

ثُمَّ بَعَثْنَا مِنْ بَعْدِهٖ رُسُلًا إِلٰى قَوْمِهِمْ
فَجَآءُوْهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ فَمَا كَانُوْا لِيُؤْمِنُوْا
بِمَا كَذَّبُوْا بِهٖ مِنْ قَبْلُ ؕ كَذٰلِكَ
نَطْبَعُ عَلٰى قُلُوْبِ الْمُعْتَدِيْنَ ﴿٧٤﴾

74 Tumuli ing sawisé dhèwèké Ingsun anjumenengaké utusan-utusan marang bangsa-bangsané; mulané padha anekani dhèwèké kalawan bukti-bukti cetha, ananging dhèwèké padha ora gelem angèstu marang apa kang padha diemohi dhèk sadurungé; kaya mangkono Ingsun angecap ati-atiné para kang mlangkah wates.[1146]

1145. Dhawuhipun Kanjeng Nabi Nuh dhateng kaumipun punika terang mengku panantang saminipun ingkang kadhawuhaken dhateng para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, inggih punika ingkang andhawuhaken bilih pangrencananipun ingkang tharik-tharik punika masthi boten saged mitunani punapa-punapa dhateng panjenenganipun.

1146. Ayat punika saged nerangaken “manah dipun cap” punika kados pundi. Boten kok manah dipun cap rumiyin, lajeng margi saking sampun dipun cap wau tiyang lajeng boten purun nampèni yakti, punika boten. Déné katranganipun ingkang sajatos, makaten: ing sakawit para titiyang wau sami nampik, dangu-dangu saya sanget anggènipun ambeguguk angemohi yakti. Para titiyang wau sami

a. 925A
b. 935

75 Tumuli ing sawisé dhèwèké Ingsun anjumenengaké Musa lan Harun marang Fir'aun sarta kepala-kepalané[a] kalawan tandha-tandha-Ningsun,[b] ananging dhèwèké padha gumedhé sarta dhèwèké iku bangsa kang duraka.

ثُمَّ بَعَثْنَا مِنۢ بَعْدِهِم مُّوسَىٰ وَهَٰرُونَ
إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَمَلَإِي۟هِۦ بِـَٔايَٰتِنَا فَٱسْتَكْبَرُوا۟
وَكَانُوا۟ قَوْمًا مُّجْرِمِينَ ﴿٧٥﴾

76 Lah bareng kanyataan saka ngarsa-Ningsun anekani dhèwèké, padha calathu: Sayekti iki temen kemayan kang terang.

فَلَمَّا جَآءَهُمُ ٱلْحَقُّ مِنْ عِندِنَا قَالُوٓا۟
إِنَّ هَٰذَا لَسِحْرٌ مُّبِينٌ ﴿٧٦﴾

77 Musa calathu: Apa sira padha angarani (iki) barang yakti bareng wus anekani sira? Apa ta iki kemayan? Lan para ahli kemayan iku ora bakal begja.

قَالَ مُوسَىٰٓ أَتَقُولُونَ لِلْحَقِّ لَمَّا جَآءَكُمْ ۖ
أَسِحْرٌ هَٰذَا وَلَا يُفْلِحُ ٱلسَّٰحِرُونَ ﴿٧٧﴾

Ut. *marang aku*

78 Dhèwèké padha calathu: Apa tekanira *mréné* amriha aku padha oncat saka apa kang padha dak temu ing bapak-bapakku, sarta (amrih) kaagungan ing bumi dadia darbèkira wong loro? Lan ora pisan aku bakal angèstu ing sira sakaroné.

قَالُوٓا۟ أَجِئْتَنَا لِتَلْفِتَنَا عَمَّا وَجَدْنَا عَلَيْهِ
ءَابَآءَنَا وَتَكُونَ لَكُمَا ٱلْكِبْرِيَآءُ فِى ٱلْأَرْضِ
وَمَا نَحْنُ لَكُمَا بِمُؤْمِنِينَ ﴿٧٨﴾

Ut. *marang aku*

79 Lan Fir'aun calathu: Tekakna *mréné* sarupané ahli kemayan kang wegig.

وَقَالَ فِرْعَوْنُ ٱئْتُونِى بِكُلِّ سَٰحِرٍ عَلِيمٍ ﴿٧٩﴾

80 Lah bareng para ahli kemayan wus padha teka, Musa acalathu marang dhèwèké kabèh: Padha tibakna apa kang bakal padha kok tibakaké.

فَلَمَّا جَآءَ ٱلسَّحَرَةُ قَالَ لَهُم مُّوسَىٰٓ أَلْقُوا۟
مَآ أَنتُم مُّلْقُونَ ﴿٨٠﴾

---

boten purun manah-manah dhateng yakti, nanging rèhning sampun kalajeng angemohi, dadosipun dipun lajeng-lajengaken anggènipun milawani kamajenganipun yakti wau kalayan tanpa mawi mikir-mikir dhateng yakti wau sakedhik-kedhika. Lah kawontenan makaten punika katembungaken: dipun cap manahipun, awit manah makaten dipun damel supados dipun anggé manah-manah, dados manawi tiyang boten purun migunakaken manahipun kanggé manah-manah, pantesipun namung dipun wastani: dipun cap manahipun. Inggih awit saking punika mila tiyang ingkang langkah wates punika kadhawuhaken manawi dipun cap manahipun. Dados terangipun, "cap" punika wohing pandamelipun ingkang rumiyin-rumiyin.

81 Lah bareng dhèwèké wis
padha anibakaké, Musa acalathu:
Apa kang padha kotekakaké iku
kemayan; sayekti Allah bakal
a. 929 anjugarake iku;[a] sayekti Allah iku
ora bakal nyempulurakė pangga-
wéné para kang agawé wisuna.

فَلَمَّآ اَلْقَوْا قَالَ مُوْسٰى مَا جِئْتُمْ بِهِ السِّحْرُ ؕ
اِنَّ اللّٰهَ سَيُبْطِلُهٗ ؕ اِنَّ اللّٰهَ لَا يُصْلِحُ
عَمَلَ الْمُفْسِدِيْنَ ﴿۸۱﴾

82 Lah Allah bakal anetepaké kayektèning barang yakti kalawan sabda-sabda-Né sanajan para duraka padha gething (marang iku).

وَ يُحِقُّ اللّٰهُ الْحَقَّ بِكَلِمٰتِهٖ وَ لَوْ
كَرِهَ الْمُجْرِمُوْنَ ﴿۸۲﴾ ع

RUKU' 9

Angungak tuladhan lalampahanipun para Nabi

83-87. Kanjeng Nabi Musa amumurun bangsanipun sarta andhawuhi sholat. 88, 89. Manahipun Fir'aun dados atos. 90-92. Piyambakipun dipun kelem.

83 Ananging ora ana wong angèstu marang Musa kajaba turuning bangsané, saking wediné marang Fir'aun sarta kepala-kepalané yèn bakal padha kinuya-kuya; lan sayekti Fir'aun iku luhur temenan ana ing bumi (kono), lan sayekti dhèwèké iku èwoné wong kang padha keladuk.[1147]

فَمَآ اٰمَنَ لِمُوْسٰٓى اِلَّا ذُرِّيَّةٌ مِّنْ قَوْمِهٖ
عَلٰى خَوْفٍ مِّنْ فِرْعَوْنَ وَ مَلَا۟ئِهِمْ اَنْ
يَّفْتِنَهُمْ ؕ وَ اِنَّ فِرْعَوْنَ لَعَالٍ فِى الْاَرْضِ ۚ
وَ اِنَّهٗ لَمِنَ الْمُسْرِفِيْنَ ﴿۸۳﴾

84 Lan Musa acalathu: É, bangsaku, manawa kowé padha angèstu ing Allah, lah padha suméndhéa marang Panjenengané (piyambak), manawa kowé iku padha wong sumarah (ing Allah).

وَ قَالَ مُوْسٰى يٰقَوْمِ اِنْ كُنْتُمْ اٰمَنْتُمْ
بِاللّٰهِ فَعَلَيْهِ تَوَكَّلُوْٓا اِنْ كُنْتُمْ مُّسْلِمِيْنَ ﴿۸۴﴾

1147. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih Kanjeng Nabi Musa punika nabi ingkang kautus dhateng bangsa Bani Israil. "Bangsané" punika sajakipun ingkang dipun karsakaken titiyang Israil. Tegesipun, ing sakawit dalasan bangsanipun piyambak boten purun angèstu dhateng panjenenganipun, margi ajrih dhateng raja Fir'aun; sarta ingkang makaten punika inggih sampun layak kémawon. Sawenèh ngulami gadhah pamanggih, bilih "bangsané" punika ingkang dipun karsakaken "bangsané Fir'aun," awit sawenèh saking tiyangipun Fir'aun wonten ingkang purun angèstu dhateng Kanjeng Nabi Musa, kadosta: garwanipun Fir'aun (66: 11), satunggalipun tiyang ingkang purun angèstu ingkang kasebutaken ing 40: 28, tuwin para juru-kemayan.

فَقَالُوْا عَلَى اللّٰهِ تَوَكَّلْنَا ۚ رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا
فِتْنَةً لِّلْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ﴿٨٥﴾

85 Mulané dhèwèké padha calathu: Ing Allah sèndhèn kawula: Dhuh Pangéran kawula! mugi kawula sampun Tuwan dadosaken *puruging panguya-uyanipun* titiyang ingkang atindak aniaya,[1148]

Ut. *cobi tumrap dhateng*

وَنَجِّنَا بِرَحْمَتِكَ مِنَ الْقَوْمِ الْكٰفِرِيْنَ ﴿٨٦﴾

86 Saha mugi kawula Tuwan wilujengaken saking titiyang ingkang kafir kalayan wilasa Tuwan.

وَاَوْحَيْنَآ اِلٰى مُوْسٰى وَاَخِيْهِ اَنْ تَبَوَّاٰ
لِقَوْمِكُمَا بِمِصْرَ بُيُوْتًا وَّاجْعَلُوْا بُيُوْتَكُمْ
قِبْلَةً وَّاَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ ۗ وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿٨٧﴾

87 Lan Ingsun amedhar sabda marang Musa sarta saduluré, sabda-Ningsun: Ameka omah ing Mesir kanggo wong-wongira, sarta omah-omahira padha sira dadèkna pasalatan,[1149] tuwin padha anjumenengna salat, apa déné awèha warta bubungah marang para angèstu.

وَقَالَ مُوْسٰى رَبَّنَآ اِنَّكَ اٰتَيْتَ فِرْعَوْنَ
وَمَلَاَهٗ زِيْنَةً وَّاَمْوَالًا فِى الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۙ
رَبَّنَا لِيُضِلُّوْا عَنْ سَبِيْلِكَ ۚ رَبَّنَا اطْمِسْ
عَلٰٓى اَمْوَالِهِمْ وَاشْدُدْ عَلٰى قُلُوْبِهِمْ فَلَا

88 Sarta Musa munjuk: Pangéran kawula! Saèstu Tuwan sampun maringi Fir'aun dalah para kepala-kepalanipun papaès saha bandha ing salebetipun gesang ing donya, Pangéran kawula! temah[1150] sami dipun anggé nasaraken (titiyang) saking margi Tuwan: Pangéran kawula! mugi Tuwan nyirnakaken bandhanipun saha *angatosaken* manah-manahipun,[1151] lah piyam-

Ut. *anyerang*

1148. Tembung *fitnah* ing ngriki ateges *puruging panguya-uya* (Kf, JB). Manawi ingkang dipun anggé teges satunggalipun, suraosipun dhawuh inggih taksih sami kémawon, awit *mugi kawula sampun Tuwan dadosaken cobi tumrap dhateng titiyang ingkang atindak aniaya*, punika mesthi inggih ateges: mugi anggènipun sami nandhang siksa wonten ing tanganing titiyangipun raja Fir'aun punika boten malah mewahi atosing manahipun Fir'aun, "amargi piyambakipun mesthi lajeng sami wicanten: Saupama wong-wong iki padha manut yakti, mesthi padha ora nandhang ina ana ing tangan-tanganku" (Kf).

1149. *Qiblah* ing ngriki ateges panggènan kanggé manembah (S, Kf), awit *qiblah* makaten adheping sembahyang, dados manawi makaten: papaning sembahyang. Titiyang Israil sami kapeksa sembahyang wonten ing griya-griyanipun, jalaran wonten ing Mesir boten sami mardika nindakaken agaminipun sarta inggih boten gadhah panggènan umum kanggé sembahyang.

1150. Aksara *lam* ing ngriki kanggé nedahaken angsal-angsalaning (wohing) satunggaling barang (Rz), mila aksara punika kula jawèkaken kados jarwan ing nginggil.

1151. Tembung شد عليه ateges: *nempuh tumrap wonten ing paprangan*; *syaddahu* ugi

bakipun sami boten angèstu ngantos sami aningali siksa ingkang nyakiti.

يُؤْمِنُوا حَتَّىٰ يَرَوُا الْعَذَابَ الْأَلِيمَ ﴿٨٨﴾

89 Panjenengané angandika: Temen wis sinembadan panyuwunira wong loro, mulané padha ditetep ing dadalan kang bener lan aja padha manut dadalané para kang padha ora weruh.

قَالَ قَدْ أُجِيبَت دَّعْوَتُكُمَا فَاسْتَقِيمَا وَلَا تَتَّبِعَانِّ سَبِيلَ الَّذِينَ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٨٩﴾

90 Lan Ingsun ngarsakaké ing
a. 82 turuning Israil anyabrang sagara,[a] tumuli Fir'aun sawadyabalané anututi dhèwèké karana panindhesan lan panganiaya, nganti nalika pangelem anempuh dhèwèké, dhèwèké acalathu: kula angèstu, bilih boten wonten sesembahan kajawi ingkang dipun èstu para turun Israil, sarta kula punika èwonipun para ingkang sami sumarah.[1152]

وَجَاوَزْنَا بِبَنِي إِسْرَائِيلَ الْبَحْرَ فَأَتْبَعَهُمْ فِرْعَوْنُ وَجُنُودُهُ بَغْيًا وَعَدْوًا ۖ حَتَّىٰ إِذَا أَدْرَكَهُ الْغَرَقُ قَالَ آمَنتُ أَنَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا الَّذِي آمَنَتْ بِهِ بَنُو إِسْرَائِيلَ وَأَنَا مِنَ الْمُسْلِمِينَ ﴿٩٠﴾

91 Apa! saiki! Lan temen mauné sira andaga lan sira dadi èwoné para kang agawé wisuna.

آلْآنَ وَقَدْ عَصَيْتَ قَبْلُ وَكُنتَ مِنَ الْمُفْسِدِينَ ﴿٩١﴾

---

ateges: *ngiyataken* utawi *ngiket* (ing satunggaling barang) *kalayan kekah* utawi *kenceng*. Ukara اشدد على قلوبهم punika limrahipun dipun tegesi *ngatosaken*, utawi ngiket manah-manahipun ngantos manah-manahipun wau kados déné dipun ecap makaten. Déné manawi ingkang dipun anggé punika teges satunggalipun, ukara kalih warni wau, inggih punika اطمس على اموالهم saha اشدد على قلوبهم punika mengku teges sami, awit nempuh manah-manahipun makaten, sami kémawon kaliyan nyirnakaken barang ingkang dados telenging manahipun, inggih punika papaés lan bandha donya.

1152. Nalika nyukani katerangan Pangentasan 9: 16 ingkang mungel makaten: "Ananging anggonira Ingsun tetepaké iku kang salugu dadi tujuné, supaya Ingsun anedahna kawasa-Ningsun asarana sira," Talmud (kitab angger-angger Yahudi) nerangaken makaten: "Kawruhana dayaning pitobat tumrap sariranė Fir'aun, Raja Mesir, kang wus kaluwih-luwih anggoné andaga marang Ingkang-Mahaluhur: Sapa Yéhuwah kang Ingsun èstokna paréntah-É? (Pangentasan 5: 2). Ananging panjenengané nyata mratobat: Dhuh Pangéran, ing antawisipun sesembahan-sesembahan, sinten ta ingkang nyameni Paduka?" (Rodwell). Pamanggihipun tuwan Rodwell katrangan makaten wau boten mantuk kaliyan ingkang dipun terangaken. Inggih mantuka inggih botena, sampun terang tiyang ingkang boten purun mastuti dhateng Pangéran punika manawi sampun ngajengaken badhé pejah tarkadhang sok lajeng ngrumaosi manawi Pangéran punika nyata wonten saèstu.

92 Ananging tumrap badanira, ing dina iki sira bakal Ingsun slametaké, supaya sira dadia tandha tumrap sapa-sapa ing sapungkurira, lan sayekti kèh-kèhé manusa iku marang tandha-tandha-Ningsun temen padha léna.[1153]

فَالْيَوْمَ نُنَجِّيكَ بِبَدَنِكَ لِتَكُونَ لِمَنْ
خَلْفَكَ آيَةً ۚ وَإِنَّ كَثِيرًا مِنَ النَّاسِ
عَنْ آيَاتِنَا لَغَافِلُونَ ﴿٩٢﴾

RUKU' 10

Para ingkang sami anggatosaken pèpènget, badhé angsal paédah

93-95. Kanyataan sineksèn déning wewedharing sabdaning Pangéran ingkang rumiyin-rumiyin. 96, 97. Titiyang badhé amanoni siksa. 98. Umatipun nabi Yunus sami anggatosaken pèpènget. 99-103. Namung para ingkang sami angèstu ingkang badhé dipun wilujengaken.

93 Lan sayekti temen Ingsun agenggonaké turuning Israil ana ing panggonan kang utama sarta padha Ingsun paringi rejeki arupa barang apik-apik; lah dhèwèké padha ora pasulayan nganti satekané kawruh ing dhèwèké;[1154] sayekti Pangéranira bakal amancasi ing antarané dhèwèké, ing dina kiyamat, tumrap prakara, kang ing kono dhèwèké padha apasulayan.

وَلَقَدْ بَوَّأْنَا بَنِي إِسْرَائِيلَ مُبَوَّأَ صِدْقٍ
وَرَزَقْنَاهُمْ مِنَ الطَّيِّبَاتِ فَمَا اخْتَلَفُوا
حَتَّىٰ جَاءَهُمُ الْعِلْمُ ۚ إِنَّ رَبَّكَ يَقْضِي
بَيْنَهُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ فِيمَا كَانُوا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿٩٣﴾

1153. Kunarpanipun raja Fir'aun punika pancèn nyata kéntas saèstu dhateng gisiking saganten sanajan Bébel boten nyebutaken bab prakawis punika. *Enc. Br. Art. Mummy*, nerangaken bilih kunarpanipun Ramsés II, ingkang kaanggep raja Fir'aunipun Kanjeng Nabi Musa punika sampun pinanggih golonganipun ingkang karimat wonten ing *mummy-mummy*nipun nagari Mesir. Lah punika satengah saking tuladha, boten jangkepipun cacriyosan ing Bébel tuwin kayektèning katranganipun Quran, inggih ingkang mangka wewahan katranganipun Bébel. Kacepengipun kunarpanipun raja Fir'aun, punika sampun terang manawi saweg ing jaman sapunika kémawon, dados boten saged upamia bab punika kauningan déning Kanjeng Nabi. Lah punika sawenèh saking tuladhaning ngélmu ingkang nyebal saking kudrat, ingkang pinanggih ing Quran Suci.

1154. Kasebutipun dhawuh punika wonten ing surat ingkang tumurun ing Makkah, inggih punika nalika jamanipun Kanjeng Nabi Suci dèrèng angsal kalonggaran wawan sabda aben ajeng kaliyan titiyang Yahudi, makaten ugi titiyang Yahudi inggih dèrèng mintonaken anggènipun pasulayan, punika dados piweca ingkang mecakaken badhé sikepipun para Yahudi wau dhateng Kanjeng Nabi ing tembé wingkingipun, sareng piyambakipun sami sumerep bilih rawuhipun Kanjeng Nabi punika pranyata nocogi piweca-piweca saha titikan-titikan ingkang kasebut ing kitab sucinipun. Sawenèh ngulami nyuraos, bilih ingkang dipun karsakaken déning péranganing dhawuh punika ingkang wiwitan, punika: titiyang Israil nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi Musa tuwin titiyang Israil ing sapengkeripun Kanjeng Nabi Musa. Ngulami sanès malih, kalebet ugi I'Ab, nyuraos: titiyang Yahudi ing Madinah (Rz). Nanging dipun suraosa tumuju dhateng sintena kémawon dhawuh wau, pasulayanipun para Yahudi wau mesthi kasuraos: pasulayan ing babagan Kanjeng Nabi Suci.

94 Lah lamun sira ana ing dalem semang-semang[1155] marang apa kang wus Ingsun dhawuhaké marang sira, lah takokna para kang padha maca Kitab[1156] ing sadurungira; sayekti temen wus tumeka marang sira kanyataan saka Pangéranira, mulané aja sira dadi éwoné wong kang padha *amadoni.*

Ut. *semang-semang*

فَإِنْ كُنْتَ فِي شَكٍّ مِمَّا أَنْزَلْنَا إِلَيْكَ فَسْئَلِ الَّذِينَ يَقْرَءُونَ الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلِكَ ۚ لَقَدْ جَاءَكَ الْحَقُّ مِنْ رَبِّكَ فَلَا تَكُونَنَّ مِنَ الْمُمْتَرِينَ ﴿٩٤﴾

95 Lan aja sira dadi èwoné para wong kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalaning Allah, mundhak sira dadi èwoné wong kang padha kapitunan.

وَلَا تَكُونَنَّ مِنَ الَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيٰتِ اللّٰهِ فَتَكُونَ مِنَ الْخٰسِرِينَ ﴿٩٥﴾

96 Sayekti ora bakal angèstu para kang sabdaning Pangéranira wus (tinamtu) kanyataan anibani dhèwèké,

إِنَّ الَّذِينَ حَقَّتْ عَلَيْهِمْ كَلِمَتُ رَبِّكَ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٩٦﴾

97 Lan sanajan sarupané tandha-tandha wus tumeka dhèwèké, nganti tumeka dhèwèké padha amanoni siksa kang nglarani.

وَلَوْ جَاءَتْهُمْ كُلُّ آيَةٍ حَتّٰى يَرَوُا الْعَذَابَ الْأَلِيمَ ﴿٩٧﴾

98 Lah yagéné ora ana kutha sawiji kang angèstu, kang satemah anggoné angèstu iku amigunani

فَلَوْلَا كَانَتْ قَرْيَةٌ آمَنَتْ فَنَفَعَهَا

1155. Perlu dipun pèngeti, bilih tumrap ing Quran Suci, tiyang ingkang katuju ing dhawuh, punika boten mesthi tartamtu Kanjeng Nabi piyambak, nadyan tembungipun nedahaken kanggé tiyang satunggal, kadosta ing pangandika ngriki. Asring sanget ingkang katuju ing dhawuh punika tiyang ingkang maos. Dalasan dhawuh ingkang mungel: *apa kang wus Ingsun dhawuhaké marang sira*, punika inggih boten nedahaken bilih ingkang katuju ing dhawuh punika Kanjeng Nabi, awit marambah-rambah kadhawuhaken bilih Quran Suci punika katurunaken dhateng sadaya manusa; minangka conto kadosta dhawuh: barang ingkang katurunaken dhateng kawula sadaya (2: 136), tuwin dhawuh: *Ingsun wus anurunaken kitab marang sira* (21: 10). Bubukaning dhawuh ing ruku' candhakipun, kénging kanggé pratandha bilih ingkang katuju ing dhawuh punika para ingkang sami maos, awit ing ngriku kadhawuhaken: Calathua: *É, para manusa, manawa sira padha dumunung ana ing sajroning semang-semang marang agamaku*. Nitik dhawuh-dhawuhipun Quran Suci, cetha manawi Kanjeng Nabi punika sakalangkung yakin sanget dhateng dhawuh ingkang kadhawuhaken dhateng panjenenganipun, ngantos panjenenganipun boten naté kagungan semang sakedhik-kedhika tumrap dhateng kayektèning janji-janji badhé kamenangan miwah jayanipun ing wekdal ingkang badhé dhateng, ing mangka nitik tata lahir sadaya samukawis ngatawisi manawi badhé nandhang cuwa tuwin cabar.

1156. Terangipun: takokna marang dhèwèké wahyu kang dhisik-dhisik iku ngemot piweca-piweca kang terang ing bab tekané Nabi Muhammad, apa ora.

marang dhèwèké, kajaba bangsané Yunus? Bareng padha angèstu, Ingsun ambirat siksa kang angasoraké ing dalem kauripan donya saka dhèwèké, sarta Ingsun aparing pasadhiyan dhèwèké tumeka samangsa.[1157]

إِيمَانُهَا إِلَّا قَوْمَ يُونُسَ ۚ لَمَّا آمَنُوا كَشَفْنَا
عَنْهُمْ عَذَابَ الْخِزْيِ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا
وَمَتَّعْنَاهُمْ إِلَىٰ حِينٍ ﴿٩٨﴾

99 Lan lamun Pangéranira angarsakna, amasthi sapa baé sarupané kang ana ing bumi padha angèstu kabèh; lah apa ta sira bakal meksa wong-wong iku nganti dadi wong angèstu?[1158]

وَلَوْ شَاءَ رَبُّكَ لَآمَنَ مَنْ فِي الْأَرْضِ
كُلُّهُمْ جَمِيعًا ۚ أَفَأَنْتَ تُكْرِهُ النَّاسَ حَتَّىٰ
يَكُونُوا مُؤْمِنِينَ ﴿٩٩﴾

100 Lan ora mungguh tumrapé jiwa yèn ta angèstua, kajaba kalawan idining Allah; Panjenengané andhawahaké jejember marang para kang padha ora gelem ngerti.[1159]

وَمَا كَانَ لِنَفْسٍ أَنْ تُؤْمِنَ إِلَّا بِإِذْنِ
اللَّهِ ۚ وَيَجْعَلُ الرِّجْسَ عَلَى الَّذِينَ لَا يَعْقِلُونَ ﴿١٠٠﴾

101 Calathua: Padha awasna, apa ta kang ana ing langit-langit lan ing bumi. Lan tandha-tandha sarta juru-pépéling iku ora makolèhi marang wong kang padha ora angèstu.[1160]

قُلِ انْظُرُوا مَاذَا فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ
وَمَا تُغْنِي الْآيَاتُ وَالنُّذُرُ عَنْ قَوْمٍ
لَا يُؤْمِنُونَ ﴿١٠١﴾

1157. Katandhinga kaliyan Serat Nabi Yunus 3: 10: “Ana déné Allah angudanéni apa kang dilakoni, anggoné padha mratobat, aninggal lakuné ala, dadi Allah banjur apidhuwung bab bilai kang wus didhawuhaké tumrap ing wong mau, disandèkaké.” Ing Quran Suci Kanjeng Nabi Yunus kasebutaken wonten ing 6: 87, 10: 98, 21: 87, 37: 139-148, 68: 48-50. Kanjeng Nabi Yunus punika wonten saminipun kaliyan Kanjeng Nabi ing babagan kaumipun. Terangipun: umatipun Kanjeng Nabi Yunus purun ngalap piguna dhateng pèpèngetipun Kanjeng Nabi Yunus, bangsa Arab inggih sami purun ngalap piguna dhateng pèpèngetipun Kanjeng Nabi, sanajan purunipun wau sasampunipun sami milawani. Dados Kanjeng Nabi Yunus punika cakrikipun nabi ingkang umatipun karengkuh kalayan sih-wilasa. Lah inggih dhateng babagan punika karsanipun, nalika Kanjeng Nabi Suci ngandika ing dalem hadits: “Aku aja padha koanggep luwih katimbang Nabi Yunus.”

1158. Kula aturi nocogaken kaliyan 2: 256: “Ora ana paksan ing dalem agama.” Ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika, kamempenganipun saha panyarempengipun Kanjeng Nabi Suci anggènipun mulangaken yakti. Kula aturi nocogaken kaliyan dhawuh: “Lah ta manawa-manawa nganti sira asuduk jiwa saka susah déning anggonira mrihatinaké marang dhèwèké, manawa dhèwèké padha ora angèstu marang undhang iki” (18: 6).

1159. Para ingkang boten purun mangertos dhateng yakti, mesthi badhé manggih jejember ingkang dhumawah dhateng piyambakipun. Punika inggih sampun satrepipun kémawon. Tembung *rijs* punika ugi ateges *pidana* (LL). Lah manawi teges punika ingkang dipun anggé, inggih terang maksudipun dhawuh punika, inggih punika: para ingkang boten purun anggapé dhateng pèpènget sarta boten purun rumeksa badanipun saking pidana, mesthi badhé tampi pidana.

1160. Terangipun, ing dalem sagung titah punika sampun mengku tandha-tandha yekti sakalangkung kathah sanget kanggé pitedahing manusa.

102 Lah dhèwèké padha angarep-arep apa ta kajaba sapadhané dina-dinané para kang wus padha kliwat sadurungé? Calathua: Lah padha angarep-arepa; lan sayekti, aku iki barenganira, éwoné para wong kang padha angarep-arep.

فَهَلْ يَنْتَظِرُوْنَ اِلَّا مِثْلَ اَيَّامِ الَّذِيْنَ
خَلَوْا مِنْ قَبْلِهِمْ ۚ قُلْ فَانْتَظِرُوْٓا اِنِّيْ
مَعَكُمْ مِّنَ الْمُنْتَظِرِيْنَ ﴿١٠٢﴾

103 Tumuli Ingsun anylametaké para utusan-Ingsun sarta para kang padha angèstu – kaya mangkono, wus wajib ingatasé Ingsun (yèn) Ingsun anyalametaké para wong kang padha angèstu.

ثُمَّ نُنَجِّيْ رُسُلَنَا وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا كَذٰلِكَ ۚ
حَقًّا عَلَيْنَا نُنْجِ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿١٠٣﴾

RUKU' 11

Sadaya kasaénan punika wonten ing astanipun Allah

104-106. Namung Allah piyambak ingkang kedah dipun kawulani. 107, 108. Panjenenganipun angasta kawasa tumrap saé lan awon. 109. Pancasan sampun celak.

104 Calathua: É, para manusa, manawa sira padha dumunung ana ing sajroning semang-semang marang agamaku, lah (weruha yèn) aku ora angawulani kang padha sira kawulani saliyané Allah, ananging aku ngawulani Allah, kang bakal agawé patinira, sarta aku didhawuhi supaya aku dadi golongané wong kang padha angèstu;

قُلْ يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اِنْ كُنْتُمْ فِيْ شَكٍّ
مِّنْ دِيْنِيْ فَلَآ اَعْبُدُ الَّذِيْنَ تَعْبُدُوْنَ
مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَلٰكِنْ اَعْبُدُ اللّٰهَ الَّذِيْ
يَتَوَفّٰىكُمْ ۚ وَاُمِرْتُ اَنْ اَكُوْنَ مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿١٠٤﴾

105 Sarta supaya sira anjejegna adhepira marang agama kanthi tulus, lan aja sira dadi golongané wong kang manembah pangéran akèh.

وَاَنْ اَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّيْنِ حَنِيْفًا ۚ وَلَا
تَكُوْنَنَّ مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ﴿١٠٥﴾

106 Lan aja anyunyuwun ing saliyané Allah, sabarang kang ora bisa amakolèhi sira sarta ora bisa amitunani sira; amarga manawa sira tumindak (mangkono), lah sayekti sira ing kono bakal dadi golongané para kang atindak dudu.

وَلَا تَدْعُ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَا يَنْفَعُكَ
وَلَا يَضُرُّكَ ۚ فَاِنْ فَعَلْتَ فَاِنَّكَ اِذًا
مِّنَ الظّٰلِمِيْنَ ﴿١٠٦﴾

Ut. *angge-pok*

Ar. *kalawan*

Ar. *sapa*

107 Lan manawa Allah *angge-nani* sira kalawan pituna, lah iku ora ana kang bisa ambirat kajaba Panjenengané; lan manawa Panjenengané angarsakaké sira *antuk* becik, lah ora ana kang bisa nulak ing lubèring-paparing-É; Panjenengané amatedhakaké iku marang kawula-Né, *endi* kang dadi kapareng-É; lan Panjenengané iku Kang-Aparamarta, Kang-Mahaasih.

وَاِنْ يَّمْسَسْكَ اللّٰهُ بِضُرٍّ فَلَا كَاشِفَ
لَهٗٓ اِلَّا هُوَ ۚ وَاِنْ يُّرِدْكَ بِخَيْرٍ فَلَا
رَآدَّ لِفَضْلِهٖ ۗ يُصِيْبُ بِهٖ مَنْ يَّشَآءُ
مِنْ عِبَادِهٖ ۗ وَهُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ ﴿١٠٧﴾

108 Calathua: É, para manusa! temen wis tumeka ing sira kasunyatan saka Pangéranira; mulané, sapa sing angambah dalan bener, pangambahé dalan bener iku iya mung makolèhi marang jiwané dhéwé, lan sapa sing nasar, lah nasaré iku uga mung mitunani mrono, lan aku iki dudu kang rumeksa marang sira.

قُلْ يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَآءَكُمُ الْحَقُّ
مِنْ رَّبِّكُمْ ۚ فَمَنِ اهْتَدٰى فَاِنَّمَا
يَهْتَدِيْ لِنَفْسِهٖ ۚ وَمَنْ ضَلَّ فَاِنَّمَا يَضِلُّ
عَلَيْهَا ۚ وَمَآ اَنَا عَلَيْكُمْ بِوَكِيْلٍ ۗ ﴿١٠٨﴾

109 Lan mituruta apa kang dhinawuhaké marang sira sarta disabar nganti Allah aparing pancasan, lan Panjenengané iku becik-beciké para ahli mancasi.

وَاتَّبِعْ مَا يُوْحٰٓى اِلَيْكَ وَاصْبِرْ حَتّٰى
يَحْكُمَ اللّٰهُ ۚ وَهُوَ خَيْرُ الْحٰكِمِيْنَ ﴿١٠٩﴾

اٰيَاتُهَا ١٢٣ (١١) سُورَةُ هُودٍ مَكِّيَّةٌ رُكُوعَاتُهَا ١٠

SURAT 11

HUD

(*Kanjeng Nabi Hud*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(10 *ruku'*, 123 *ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Pèpènget.
Ruku' 2. Kayektèning wahyunipun Pangéran.
Ruku' 3-8. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh, Hud, Shalih, Luth tuwin Syu'aib.
Ruku' 9. Pamidana dhateng tiyang awon punika angger-anggering Pangéran.
Ruku' 10. Para angèstu kedah sami anyingkiri awon.

Namanipun

Namanipun surat punika mirid saking asmanipun *Kanjeng Nabi Hud*, ingkang lalampahanipun kasebutaken ing surat ngriki, awit sajakipun panjenenganipun punika nabi ingkang rumiyin piyambak, ingkang rawuh dhateng satunggaling umat ingkang dudunung wonten ing salebetipun jazirah Arab.

Bab ingkang karembag

Boten perlu kula panjang-panjangaken katerangan kula bab prakawis ingkang karembag wonten ing surat punika. Mengsah sami dipun paringi pèpènget wonten ing ruku' ingkang wiwitan piyambak, lajeng wonten ing ruku' ingkang kaping kalih kayektèning wahyunipun Pangéran kadhawuhaken kalayan ceplos, sarana nantang para mengsah wau supados sami damel surat sadasa ingkang saged nyamèni suratipun Quran, sarta sarana anedahaken bilih kayektèning Quran punika kaseksèn déning para andika nabi ingkang rumiyin-rumiyin. Mengsah ingkang wengis saha remen nandukaken panganiaya lajeng kaparingan pèpènget bab nasib awon ingkang kasandhang déning umat ingkang sampun-sampun ingkang sami milawani para nabi ingkang sampun misuwur, Kanjeng Nabi Nuh, Hud Shalih, Luth tuwin Syu'aib. Kanjeng Nabi Musa namung kasebutaken kalayan ringkes wonten ing ruku' ingkang kaping sanga, ingkang menggah ing sajatos-jatosipun anggelaraken angger-anggering Pangéran "awon mesthi wonten wohipun awon." Ruku' ingkang wekasan piyambakipun ngarsakaken supados Kanjeng Nabi lan para pandhèrèkipun santosa sikepipun wonten ing margining katulusan tuwin yakti.

Gathuking suraosipun saha titimangsaning tumurunipun

Sajakipun surat punika tutugipun surat ingkang sampun, ingkang sabagéan ageng masalah ingkang karembag bab kayektènipun wahyuning Pangéran, sanajan namung kalayan cekak pangrembagipun. Déné surat punika paring tuladha kayektènipun masalah-masalah wau, sarana nyebutaken lalampahanipun para nabi ingkang rumiyin-rumiyin sawatawis. Surat punika ing sagemblengipun wahyu Makkiyah, sarta kedah kagolongaken kirang langkung nunggil jaman kaliyan surat ingkang sampun. Dados sasambetanipun kaliyan surat ingkang sampun, punika ugi sampun terang.

RUKU' 1

Pèpènget

1-4. Wilasa sarta siksa. 5. Ngendhem mengsahi. 6, 7. Rijeki paparingipun Allah. 8. Siksa dipun sumenèkaken.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

الٓرٰ كِتٰبٌ اُحْكِمَتْ اٰيٰتُهٗ ثُمَّ فُصِّلَتْ
مِنْ لَّدُنْ حَكِيْمٍ خَبِيْرٍ ۙ ١

1 Ingsun, Allah, Ingkang-Anguningani.[a] (Iki) Kitab, kang ayat-ayaté *ginawé pancasan*, tumuli katerangaké awijang, (tumeka) saka ngarsané Ingkang-Wicaksana, Ingkang-Waspada:

a. 1109 Ut. *sinipatan kawicaksanan* ut. *disahaké déning bukti-bukti*

اَلَّا تَعْبُدُوْٓا اِلَّا اللّٰهَ ؕ اِنَّنِيْ لَكُمْ مِّنْهُ
نَذِيْرٌ وَّبَشِيْرٌ ۙ ٢

2 Supaya sira ora padha angawulani (sapa baé) kajaba Allah. Sayekti aku iku juru pépéling saka Panjenengané tumrap marang sira sarta juru awèh warta bubungah.

وَّاَنِ اسْتَغْفِرُوْا رَبَّكُمْ ثُمَّ تُوْبُوْٓا اِلَيْهِ
يُمَتِّعْكُمْ مَّتَاعًا حَسَنًا اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى
وَّيُؤْتِ كُلَّ ذِيْ فَضْلٍ فَضْلَهٗ ؕ وَاِنْ
تَوَلَّوْا فَاِنِّيْٓ اَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ كَبِيْرٍ ٣

3 *Sarta* padha nyuwuna pangapura Pangéranira, tumuli tobata marang Panjenengané; Panjenengané bakal anyadhiyani sira pasadhiyan kang becik tumeka mangsa kang tinamtu, sarta Panjenengané amaringaké nugraha-Né marang sarupané kang kasinungan nugraha;[1161] lan manawa sira padha maléngos, sayekti aku iki anguwatiraké sira (marang) siksa ing dina kang agung.

Ar. *sarta supaya*

اِلَى اللّٰهِ مَرْجِعُكُمْ ۚ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ٤

4 Marang Allah anggonira padha bali lan Panjenengané iku marang samubarang kawasa.

1161. Tembung *dhî fadll* punika wantahipun ateges: *kang andhuwèni nugraha*, kajengipun: tiyang ingkang kaparingan nugraha déning Allah. Dados maksudipun: sadhéngah tiyang ingkang sinung nugraha, nugraha wau paparingipun Allah. Utawi *dhî fadll* punika ateges: *tiyang ingkang kasaénanipun ngungkuli awonipun*, awit *fadll* makaten ugi ateges *langkungan*.

5 O, sayekti dhèwèké padha nglempit dhadha-dhadhané[1162] supaya padha bisa anyingidaké (anggoné mungsuhi) saka Panjenenganè; O, sayekti, nalikané dhèwèké padha krukup sarana sandhanganė,[1163] Panjenenganė anguningani apa kang padha disingidakė lan apa kang padha dilairakė; sayekti, Panjenenganė anguningani apa kang ana ing sajroning dhadha-dhadha.

أَلَآ إِنَّهُمْ يَثْنُونَ صُدُورَهُمْ لِيَسْتَخْفُوا
مِنْهُ ۚ أَلَا حِينَ يَسْتَغْشُونَ ثِيَابَهُمْ
يَعْلَمُ مَا يُسِرُّونَ وَمَا يُعْلِنُونَ ۚ إِنَّهُ
عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ﴿٥﴾

JUZ XII

6 Lan ora liya, sata ing bumi iku, kajaba dumunung ing Allah rejekiné lan Panjenenganė iku uninga enggon palèrènanė lan enggon pasimpenanė; sarupanė (barang) iku ana ing dalem kitab kang terang.

وَمَا مِنْ دَآبَّةٍ فِي الْأَرْضِ إِلَّا عَلَى اللَّهِ
رِزْقُهَا وَيَعْلَمُ مُسْتَقَرَّهَا وَمُسْتَوْدَعَهَا ۚ
كُلٌّ فِي كِتَابٍ مُّبِينٍ ﴿٦﴾

a. 8, 2199
Ar. *anyoba*

7 Lan Panjenenganė iku kang anitahakė langit-langit lan bumi ing dalem nem mangsa[a] – lan karaton-É (jembarė anasabi) marang banyu[1164] – amrih Panjenenganė *amedharakė* sira, sapa sira kang becik dhéwé ing panggawé[1165] lan manawa sira calathoni: sayekti sira

وَهُوَ الَّذِي خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضَ فِي
سِتَّةِ أَيَّامٍ وَّكَانَ عَرْشُهُ عَلَى الْمَآءِ
لِيَبْلُوَكُمْ أَيُّكُمْ أَحْسَنُ عَمَلًا ۗ وَلَئِنْ قُلْتَ إِنَّكُمْ

1162. ثنى صدره (ingkang wantahipun ateges *nglempit dhadhané*) punika mengku teges: *nyingid aken raos memengsahan wonten ing dhadha utawi manahipun* (TA-LL), dados يثنون صدورهم punika ateges: *padha nyingidaké ana ing dalem dhadhané rasa mumungsuhan lan panggething marang Nabi Muhammad* (JB). Utawi saged dipun tegesi: *padha ngénggokaké utawi ngingeraké dhadha-dhadhané saka yakti* (Kf).

1163. استغشى ثوبه tegesipun *ngrukubi badanipun kalayan panganggènipun murih boten saged ningali lan mirengaken* (Q-LL). Miturut Rgh استغشوا ثيابهم punika ateges: *ngrukubaken panganggénipun dhateng talinganipun, sarta punika ngibarataken tiyang ingkang boten purun nilingaken, utawi punika ngibarataken anggènipun sami angemohi.*

1164. Tegesipun tembung ‘*arsy* sampun katerangaken wonten ing 895. Rèhning sadaya ingkang asifat gesang punika asli saking toya, milanipun bab prakawis karatoning Allah ingkang wiyaripun anasabi toya, punika kasebutaken mligi sasarengan kaliyan bab prakawis tumitahipun langit lan bumi: awit tanpa toya mokal wonten gesang. Kula aturi nyundhukaken kaliyan 21: 30 “Lan Ingsun andadèkaké samubarang kang urip saka banyu.”

1165. Sedyaning tumitahipun manusa tuwin sadaya barang ingkang katitahaken kanggé manusa, punika supados manusa sami nindakaken kasaénan, amargi inggih kasaénan punika ingkang dipun

Ut. *kemayan*

iku bakal tinangèkaké ing sawisé mati, amasthi para kang padha kafir bakal padha calathu: Iki ora liya kajaba *panggorohan* kang cetha.[1166]

مَّبْعُوثُونَ مِن بَعْدِ الْمَوْتِ لَيَقُولَنَّ الَّذِينَ
كَفَرُوا إِنْ هَٰذَا إِلَّا سِحْرٌ مُّبِينٌ ⑦

Ar. *tumeka-né*

8 Lan manawa Ingsun anyumenèkna siksa ing dhèwèké tumeka mangsa kang tinamtu amasthi dhèwèké bakal padha calathu: Apa kang murungaké iku? O, sayekti, ing dinané bakal *tumiban*é iku marang dhèwèké ora bakal kena disingkiraké saka dhèwèké, lan apa kang wus padha diguguyu, bakal anglimputi dhèwèké.[1167]

وَلَئِنْ أَخَّرْنَا عَنْهُمُ الْعَذَابَ إِلَىٰ أُمَّةٍ
مَّعْدُودَةٍ لَّيَقُولُنَّ مَا يَحْبِسُهُ ۗ أَلَا يَوْمَ
يَأْتِيهِمْ لَيْسَ مَصْرُوفًا عَنْهُمْ وَحَاقَ
بِهِم مَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ⑧

RUKU' 2

Kayektènipun Wahyuning Pangéran

9-12 Wilasa anglimputi. 13, 14 Wedharing sabda punika tanpa timbang. 15, 16 Ananging namung ingkang tumindak miturut punika ingkang angsal paédah. 17 Pasaksèn ing kayektènipun Quran Suci. 18-24 Para ingkang mengsahé saha para angèstu.

9 Lan manawa Ingsun angicipaké manusa ing wilasa saka Ingsun (sarta) iku tumuli Ingsun singkiraké saka dhèwèké sayekti dhèwèké masthi nglokro, ora atur panuwun.

وَلَئِنْ أَذَقْنَا الْإِنسَانَ مِنَّا رَحْمَةً ثُمَّ
نَزَعْنَاهَا مِنْهُ ۚ إِنَّهُ لَيَئُوسٌ كَفُورٌ ⑨

remeni déning Allah. Miturut TA, tembung *bala* tuwin *ibtila* punika sami (nunggil teges), tegesipun *mintonaken sisifatan saé lan sisifatan asor*.

1166. Kagemipun tembung *sihr* ing dhawuh ngriki, punika nedahaken kalayan terang, bilih tembung *sihr* wau wonten ing Quran Suci dipun agem kalayan mengku teges: *apus-krama* utawi *panggorohan*. Rz negesi tembung *sihr* ing ayat punika warni tiga, sarta teges warni tiga wau sadaya nocogi katrangan punika. Teges ingkang sapisan, manut anggènipun negesi Qaffal, inggih punika: tumrap ing ngriki sami kaliyan tembung *khadi'at*, jawinipun *apus-krama*. Dados ukara punika (rembagipun tiyang kafir) lajeng mengku suraos, bilih anggènipun Kanjeng Nabi anggelar piwulang gesang sasampunipun pejah, punika namung mengku karsa ngapusi ing manusa, murih boten sami angsal barang-barang ingkang saé ing gesang sapunika punika ing sakajeng-kajengipun. Teges ingkang angka kalih, tembung wau mengku teges: *bathil*, jawinipun: *panggorohan*. Ingkang angka tiga, mila gesang sasampuning pejah winastan *sihr*, jalaran punika piwulangipun Quran, jer Quran punika winastan *sihr*, margi saking anggènipun saged nanarik manahipun tiyang, ngantos kados déné kemayan.

1167. Wawangenipun ingkang sampun tinamtu, punika kasebutaken ing 8: 33 makaten: "Ananging ora bakal Allah aniksa dhèwèké ing sasuwéné sira ana ing antarané."

Ar. *anggepok*

Ut. *sangsara*

10 Lan manawa Ingsun angicipaké dhèwéké ing nugraha sawisé sangsara *angenani* dhèwèké amasthi dhèwèké bakal padha calathu: Wus birat *ala* saka ing aku; sayekti dhèwèké padha bungah, umuk.

وَلَئِنْ أَذَقْنَٰهُ نَعْمَآءَ بَعْدَ ضَرَّآءَ مَسَّتْهُ
لَيَقُولَنَّ ذَهَبَ السَّيِّـَٔاتُ عَنِّىٓ ۚ إِنَّهُۥ لَفَرِحٌ فَخُورٌ ﴿١٠﴾

11 Kajaba para kang padha sabar lan padha anglakoni panggawé becik iki bakal padha olèh pangapura sarta pituwas kang gedhé.

إِلَّا الَّذِينَ صَبَرُوا وَعَمِلُوا الصَّٰلِحَٰتِ ۚ
أُولَٰٓئِكَ لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَأَجْرٌ كَبِيرٌ ﴿١١﴾

12 Lah manawa-manawa sira iku arep aninggal sapéranganè apa kang kadhawuhaké marang sira lan dhadhanira bakal dadi rupek marga saka iku, jalaran dhèwèké padha calathu.: Yagéné ora ana bandha katurunaké marang dhèwèké utawa malaikat teka anyartani dhèwèké? Sira iku mung juru-pépéling; lan Allah iku Kang rumeksa marang samubarang.[1167A]

فَلَعَلَّكَ تَارِكٌۢ بَعْضَ مَا يُوحَىٰٓ إِلَيْكَ
وَضَآئِقٌۢ بِهِۦ صَدْرُكَ أَن يَقُولُوا لَوْلَآ
أُنزِلَ عَلَيْهِ كَنزٌ أَوْ جَآءَ مَعَهُۥ مَلَكٌ ۚ إِنَّمَآ
أَنتَ نَذِيرٌ ۚ وَاللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ وَكِيلٌ ﴿١٢﴾

13 Utawa, apa ta dhèwèké padha calathu: Iku anggitané dhéwé. Calathua: Lah mara, mujudna sepuluh bab anggitan sapadhané iki, lan nyambata sapa sakadugamu, saliyané Allah, manawa kowé padha temen.[1168]

أَمْ يَقُولُونَ افْتَرَىٰهُ ۖ قُلْ فَأْتُوا بِعَشْرِ
سُوَرٍ مِّثْلِهِۦ مُفْتَرَيَٰتٍ وَادْعُوا مَنِ
اسْتَطَعْتُم مِّن دُونِ اللَّهِ إِن كُنتُمْ
صَٰدِقِينَ ﴿١٣﴾

1167A. Saged ugi wonten ingkang lajeng nyuraos dhawuh punika, bilih Kanjeng Nabi sumedya badhé nilar sapéranganing dhawuh ingkang katurunaken dhateng panjenenganipun. Nanging yektènipun boten makaten punika suraosipun, malah kosokwangsulipun dhawuh punika nerangaken kalayan anteb, bilih Kanjeng Nabi boten kok badhé tumindak makaten punika. Tembung *la'alla*, punika sok wonten kalamangsanipun mengku kajeng ingkang tartamtu. Rz nerangaken: "Manawi tiyang badhé mastani, bilih satunggaling tiyang tebih saking satunggaling barang, punika lajeng wicanten: Manawa-manawa (Ar. *la'allaka*) kowé iku bisa nindakaké iku."

1168. Panantang kados makaten punika kasebutaken wonten ing surating Quran Suci sakawan. Ing 17: 88: "Calathua: Manawa manusa lan jin padha sayuk agolong, perlu arep anganani sapadhané Quran iki, ora bakal padha bisa anganani sapadhané iku, sanajan siji marang sijiné padha tulung-tinulung." Lah ing ngriki, ingkang ingandikakaken ngawontenaken, saminipun sagemblenging Quran. Lajeng ing ayat ingkang saweg karembag punika patembayanipun kasuda dados sadasa surat, wekasanipun ing 10: 38 tuwin 2: 23 patembayanipun ngawontenaken sasurat kémawon saminipun Quran. Prakawis sanès malih ingkang pantes pinèngetan, inggih punika: ing sawenèh surat ingkang katantang manusa lan jinn, ing surat sanèsipun malih para *syuhada*, ingkang ateges *tiyang agengipun* utawi *para sagedipun*, minangka lintunipun *jinn*; lah ingkang makaten punika anedahaken bilih tembung *jinn* ing

14 Lah manawa dhèwèké padha ora anyembadani marang kowé, lah padha weruha, manawa iku kadhawuhaké kalawan kawruhing Allah *lan* ora ana sesembahan kajaba Panjenengané: Lah apa ta kowé bakal padha sumarah?[1169]

Ar. *lan manawa*

فَإِلَّمْ يَسْتَجِيبُوا لَكُمْ فَاعْلَمُوا أَنَّمَا أُنْزِلَ
بِعِلْمِ اللَّهِ وَأَنْ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ فَهَلْ
أَنْتُمْ مُسْلِمُونَ ﴿١٤﴾

15 Sapa sing karep ing kauripan donya dalah papaèsé, panggawé-panggawéné ing kono Ingsun bakal amituwasi ganep marang dhèwèké, lan dhèwèké ana ing kono ora bakal padha digawé tuna.

مَنْ كَانَ يُرِيدُ الْحَيَاةَ الدُّنْيَا وَزِينَتَهَا
نُوَفِّ إِلَيْهِمْ أَعْمَالَهُمْ فِيهَا وَهُمْ
فِيهَا لَا يُبْخَسُونَ ﴿١٥﴾

16 Iki para sing ana ing akhirat padha ora olèh apa-apa kajaba geni lan muspra sabarang panggawéné ing kono, sarta nglaha apa kang padha dilakoni.[1170]

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ لَيْسَ لَهُمْ فِي الْآخِرَةِ
إِلَّا النَّارُ ۖ وَحَبِطَ مَا صَنَعُوا فِيهَا
وَبَاطِلٌ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٦﴾

17 Lah apa wong kang kadunungan bukti terang saka Pangérané (iku padha karo wong sing angafiri)? Lan sawijining saksi saka Panjenengané amaca iku, sarta sadurungé iku Kitabé Musa, minangka *pituduh* lan wilasa. Iki padha angèstu marang iku; déné (sawarnané) papanthan-papanthan, sapa sing angafiri marang iku, lah iku geni papan kang dijanjèkaké; mulané aja sira semang-semang marang prakara iku; sayekti, iku barang nyata saka Pangéranira,

Ar. *panuntun, pituduh*

أَفَمَنْ كَانَ عَلَىٰ بَيِّنَةٍ مِنْ رَبِّهِ وَ
يَتْلُوهُ شَاهِدٌ مِنْهُ وَمِنْ قَبْلِهِ كِتَابُ
مُوسَىٰ إِمَامًا وَرَحْمَةً ۚ أُولَٰئِكَ يُؤْمِنُونَ
بِهِ ۚ وَمَنْ يَكْفُرْ بِهِ مِنَ الْأَحْزَابِ
فَالنَّارُ مَوْعِدُهُ ۚ فَلَا تَكُ فِي مِرْيَةٍ
مِنْهُ ۚ إِنَّهُ الْحَقُّ مِنْ رَبِّكَ وَلَٰكِنَّ

dhawuh-dhawuh bangsanipun ingkang kados makaten wau, punika namung mengku teges para tiyang agengipun. Ingkang kapundhut déning Quran: *saminipun*, punika boten namung ing dalem sisifatanipun Kitab Quran satunggal-kalih kémawon, nanging samudayanipun, liripun sadaya kalangkunganipun Quran Suci. Mirsanana 36.

1169. Para titiyang kafir, ingkang katuju ing dhawuh punika. Terangipun: manawi sesembahan palsu utawi para panuntun punika boten sami saged minangkani panguwuhing titiyangipun, nalika sami nedha tulung ngawontenaken saminipun Kitab Quran, lah saboten-botenipun para kafir wau lajeng sampun boten kadunungan semang-semang wonten ing manahipun, bilih Quran punika pranyata sanès damelanipun (anggitanipun) Kanjeng Nabi, nanging punika wahyu saking Pangéran.

1170. Inggih punika, badhé tanpa wonten wohipun anggènipun sami milawani dhateng Kanjeng Nabi Suci.

ananging akèh-akèhé manusa padha ora angèstu.[1171]

أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿١٧﴾

18 Lan sapa sing luwih atindak dudu tinimbang wong kang agawé-gawé goroh tumrap marang Allah? Iki bakal padha disébakaké marang Pangérané, lan para saksi bakal padha acalathu: Iki para kang padha anggorohaké marang Pangérané. O, sayekti, wewelaking Allah tumiba marang wong kang padha atindak dudu,[1172]

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ
كَذِبًا ۚ أُولَٰئِكَ يُعْرَضُونَ عَلَىٰ رَبِّهِمْ
وَيَقُولُ الْأَشْهَادُ هَٰؤُلَاءِ الَّذِينَ كَذَبُوا
عَلَىٰ رَبِّهِمْ ۚ أَلَا لَعْنَةُ اللَّهِ عَلَى الظَّالِمِينَ ﴿١٨﴾

19 Kang padha nyimpang saka dadalaning Allah sarta padha mamrih mènggoké iku; lan dhèwèké iku para kang padha kafir marang akhirat.

الَّذِينَ يَصُدُّونَ عَنْ سَبِيلِ اللَّهِ وَ
يَبْغُونَهَا عِوَجًا ۚ وَهُمْ بِالْآخِرَةِ
هُمْ كَافِرُونَ ﴿١٩﴾

20 Iki ana ing bumi ora bakal padha bisa angoncati,[1173] lan bakal padha ora duwé pangayoman saliyané Allah; siksané tumrap dhèwèké bakal ditikelaké; (iku) dhèwèké padha ora kuwat ngrungu apa déné padha ora weruh.[1174]

أُولَٰئِكَ لَمْ يَكُونُوا مُعْجِزِينَ فِي الْأَرْضِ
وَمَا كَانَ لَهُمْ مِنْ دُونِ اللَّهِ مِنْ أَوْلِيَاءَ ۘ
يُضَاعَفُ لَهُمُ الْعَذَابُ ۚ مَا كَانُوا يَسْتَطِيعُونَ
السَّمْعَ وَمَا كَانُوا يُبْصِرُونَ ﴿٢٠﴾

1171. Pratélan warni-warni ingkang kawarsitakaken ing ayat punika, perlu katerangaken. *Wong kang kadunungan bukti terang saka Pangérané*, punika sadhéngah tiyang ingkang angèstu ing kayektènipun Quran Suci: dhawuh ingkang mungel: *iki padha angèstu* marang iku, ingkang kasebutaken wonten ing dhawuh sambetipun, nyethakaken panyuraos punika. Saksi saka Allah kang maca iku, punika Kanjeng Nabi, ingkang ing panggènan sanès kasebut saksi, margi dados tepa tuladha tumrap para angèstu. Quran Suci piyambak punika kajawi sampun dados bukti ingkang terang, ugi kabuktèn menggah ing kayektènipun wonten ing kitabipun Kanjeng Nabi Musa. Inggih awit saking punika mila kitabipun Kanjeng Nabi Musa wau winastan pitedah tuwin wilasa, jalaran kitab wau ngemot piweca-piweca ingkang terang ingkang amecakaken kayektènipun Kanjeng Nabi. Dados tegesipun dhawuh punika makaten: Wong kang kadunungan bukti kang terang saka Pangéran (margi anggènipun dados tiyang ingkang angèstu ing kayektènipun Quran Suci), yaiku wong kang duwé tepa tuladha ana ing dalem sariranè Nabi Suci, tuwin kawuwuhan manèh bukti kayektèné ana ing dalem kitabé Nabi Musa: *iku apa padha karo wong kang muhung tresna ing donya iki lan ora anggapé marang yakti*? Ukara ingkang kantun piyambak (ingkang kula serat miring. *Peny*.), ing dalem ayat punika boten kasebutaken, margi sampun kamot wonten ing ayat-ayat ingkang sampun-sampun.

1172. Miturut sawenèh, para saksi punika para malaikat, sawenèh malih mastani para nabi, sanèsipun malih mastani para angèstu (Rz).

1173. Piyambakipun boten badhé saged ngoncati siksa manawi Gusti Allah kapareng badhé aniksa piyambakipun wonten ing ngalam donya punika (Kf). *A'jazahu* (ingkang karimbag dados *mu'jiz*) punika ugi kénging dipun jarwani: *nyumerepi piyambakipun atanpa daya lan boten saged punapa-punapa, utawi ngracut kakiyatanipun tiyang wau.*

1174. Ukara مَا كَانُوا يَسْتَطِيعُونَ السَّمْعَ punika boten ateges bilih piyambakipun boten

21 Iki para kang padha agawé kapitunané jiwa-jiwané, sarta sabarang, anggoné padha agawé-gawé, sirna saka ing awaké.

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ خَسِرُوا أَنفُسَهُمْ وَضَلَّ عَنْهُم مَّا كَانُوا يَفْتَرُونَ ﴿٢١﴾

22 Ora kena ora, ana ing akhirat dhèwèké iku wong kang padha luwih déning kapitunan.

لَا جَرَمَ أَنَّهُمْ فِي الْآخِرَةِ هُمُ الْأَخْسَرُونَ ﴿٢٢﴾

23 Sayekti para kang padha angèstu sarta padha anglakoni panggawé becik, apa déné padha andhap asor marang Pangérané, iki para wonging patamanan, padha ana ing kono bakal pamanggoné.

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَأَخْبَتُوا إِلَىٰ رَبِّهِمْ أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَنَّةِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿٢٣﴾

24 Sanépané rong golongan iku kaya déné wong wuta lan wong tuli karo wong awas lan wong rungon; apa dhèwèké iku padha mungguhing kaanané? Apa ta kowé iku padha ora ngrasak-ngrasakaké?

مَثَلُ الْفَرِيقَيْنِ كَالْأَعْمَىٰ وَالْأَصَمِّ وَالْبَصِيرِ وَالسَّمِيعِ ۚ هَلْ يَسْتَوِيَانِ مَثَلًا ۚ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ﴿٢٤﴾

RUKU' 3

Lalampahanipun Nabi Nuh

25-34. Nabi Nuh anggelaraken wulang, dipun mengsahi sarta aparing pèpènget. 35. Para ingkang mengsahi Kanjeng Nabi Suci inggih tampi pèpènget kados makaten.

a. 901

25 Lan sayekti temen Ingsun wus angutus Nuh[a] marang bangsané: Sayekti aku iki juru-pépéling kang terang tumrap marang sira:[1175]

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا نُوحًا إِلَىٰ قَوْمِهِ إِنِّي لَكُمْ نَذِيرٌ مُّبِينٌ ﴿٢٥﴾

---

sami pinaringan pirantos kanggé mirengaken, lan inggih boten ateges bilih para titiyang wau sami kécalan babar pisan kakiyatanipun kanggé nampèni. Dhawuh wau namung kagem nedahaken gethingipun ingkang sakalangkung sanget para titiyang wau dhateng yakti, ngantos mirengaken kémawon dhateng pangandikanipun Kanjeng Nabi, boten kiyat sarta lumajeng nebih samangsa Kanjeng Nabi ngandika.

1175. Ing dalem piwulangipun sadaya nabi dhateng umatipun, wasita ingkang sakalangkung enggel, ingkang kedah dipun gatosaken, punika mesthi wasita bab prakawis angèstu ing Kasawijènipun Pangéran tuwin pamardi, nyucèkaken kalakuanipun umat. Wasitanipun Kanjeng Nabi Suci punika inggih migatosaken sanget bab prakawis punika. Lah punika mahanani sawenèh para tukang kritik Nasrani lajeng gadhah panganggep, Kanjeng Nabi nyitra nabi sanès-sanèsipun kados panjenenganipun piyambak. Nanging menggah ing sajatos-jatosipun, nadyan kados punapa kémawon piprincéning piwulangipun para andika nabi dhateng umatipun, piwulangipun ingkang baku para nabi-nabi wau,

26 Yaiku sira aja padha angawulani sapa-sapa kajaba Allah; sayekti aku anguwatiraké marang sira siksa ing dina kang nglarani.

أَنْ لَّا تَعْبُدُوْٓا إِلَّا اللّٰهَ ۖ إِنِّيْٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ
عَذَابَ يَوْمٍ أَلِيْمٍ ﴿٢٦﴾

27 Ananging para panggedhéning bangsané kang padha kafir padha acalathu: Ora liya panyawangku marang kowé kajaba mung wong kaya aku baé, lan panyawangku ora ana wong manut ing kowé, kajaba kang sawangané sagebyaran baé golonganku kang pidak-padarakan, apa déné panyawangku kowé iku ora duwé kaluwihan angungkuli aku; balik panganggepku kowé iku wong goroh.

فَقَالَ الْمَلَأُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ قَوْمِهٖ مَا نَرٰىكَ
إِلَّا بَشَرًا مِّثْلَنَا وَمَا نَرٰىكَ اتَّبَعَكَ إِلَّا الَّذِيْنَ
هُمْ أَرَاذِلُنَا بَادِيَ الرَّأْيِ ۚ وَمَا نَرٰى لَكُمْ
عَلَيْنَا مِنْ فَضْلٍۭ بَلْ نَظُنُّكُمْ كٰذِبِيْنَ ﴿٢٧﴾

28 Dhèwèké acalathu: É, bangsaku! mara aku kandhanana, manawa aku kadunungan bukti terang saka Pangéranku sarta Panjenengané amaringi wilasa aku saka ngarsa-Né, lan iku digawé ora terang ingatasé kowé; apa aku anjiyad kowé (angarepi) iku, kang mangka iku kowé padha gething?

قَالَ يٰقَوْمِ أَرَءَيْتُمْ إِنْ كُنْتُ عَلٰى بَيِّنَةٍ
مِّنْ رَّبِّيْ وَاٰتٰىنِيْ رَحْمَةً مِّنْ عِنْدِهٖ
فَعُمِّيَتْ عَلَيْكُمْ ۖ أَنُلْزِمُكُمُوْهَا وَأَنْتُمْ
لَهَا كٰرِهُوْنَ ﴿٢٨﴾

29 Apa manèh, o, bangsaku! aku ora anjaluk bandha kowé kanggo pituwasé aku; pituwasku mung ana

وَيٰقَوْمِ لَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مَالًا ۖ إِنْ أَجْرِيَ

sadaya kémawon, mesthi bab Kasawijènipun Allah tuwin bab prakawis pasadhèrèkanipun para manusa. Sarta rèhning Quran Suci punika boten anggepok riricikaning piwulangipun para andika nabi wau, milanipun ingkang dipun wigatosaken sanget punika namung piwulang ingkang mesthi kawulangaken déning para andika nabi kémawon, inggih punika piwulang ingkang enggel tuwin jembar, awit inggih piwulang baku warni kalih punika wasitanipun agami Islam ingkang kagelar rumiyin piyambak dhateng ngalam donya punika. Ing salebetipun jaman Makkah, Quran namung nengenaken ngrembag tatales ingkang enggel saha wiyar wau. Makaten ugi Quran Suci inggih boten anggepok riricikaning lalampahan, upaminipun kémawon kados pundi anggènipun nampèni satunggal-tunggaling umat dhateng nabinipun, jalaran ingkang kasedya déning Quran Suci wonten ing dalem cariyos sugengipun para andika nabi, punika badhé anggamblangaken menangipun ingkang wekasan Kanjeng Nabi Suci saha sirnanipun babar pisan para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci ingkang sampun kawecakaken punika. Awit saking punika ingkang dipun wigatosaken sanget punika inggih namung prakawis warni kalih wau. Kitab Quran punika sanès serat babad, milanipun inggih boten perlu nyebutaken sadaya riricikanipun lalampahan.

إِلَّا عَلَى اللّٰهِ وَمَآ أَنَا بِطَارِدِ الَّذِيْنَ
اٰمَنُوْا ۚ إِنَّهُمْ مُّلٰقُوْا رَبِّهِمْ وَلٰكِنِّيْٓ
اَرٰىكُمْ قَوْمًا تَجْهَلُوْنَ ﴿٢٩﴾

ing Allah piyambak, lan aku ora bakal anundhung para kang padha angèstu; sayekti dhèwèké bakal padha ketemu Pangérané, ananging *panyawangku* kowé iku bangsa kang padha bodho.

Ut. *pa-nganggepku*

وَيٰقَوْمِ مَنْ يَّنْصُرُنِيْ مِنَ اللّٰهِ إِنْ
طَرَدْتُّهُمْ ۚ أَفَلَا تَذَكَّرُوْنَ ﴿٣٠﴾

30 Lan manèh, o, bangsaku! sapa kang bakal mitulungi aku anulak Allah, lamun aku anundhunga dhèwèké? Lah apa ta kowé iku padha ora ngangen-angen?

وَلَآ أَقُوْلُ لَكُمْ عِنْدِيْ خَزَآئِنُ اللّٰهِ
وَلَآ أَعْلَمُ الْغَيْبَ وَلَآ أَقُوْلُ إِنِّيْ مَلَكٌ
وَّلَآ أَقُوْلُ لِلَّذِيْنَ تَزْدَرِيْٓ أَعْيُنُكُمْ
لَنْ يُّؤْتِيَهُمُ اللّٰهُ خَيْرًا ۚ اَللّٰهُ أَعْلَمُ بِمَا
فِيْٓ أَنْفُسِهِمْ ۖ إِنِّيْٓ إِذًا لَّمِنَ الظّٰلِمِيْنَ ﴿٣١﴾

31 Lan aku ora kandha marang kowé, yèn gedhong (bandhaning) Allah iku ana ing aku, sarta aku ora weruh barang kang ora katon, apa déné aku ora kandha, yèn aku iki malaikat; tuwin aku ora kandha, manawa para kang mungguhing pandelengmu padha ina papa iku Allah ora bakal maringi kabecikan – Allah iku luwih angudanèni apa kang ana ing sajroning atiné – amarga yèn mangkonoa sayekti aku iki dadi éwoné wong kang padha atindak dudu.

قَالُوْا يٰنُوْحُ قَدْ جٰدَلْتَنَا فَأَكْثَرْتَ
جِدَالَنَا فَأْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ إِنْ كُنْتَ
مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ﴿٣٢﴾

32 Dhèwèké padha acalathu: É, Nuh! Temen kowé wus apapadon karo aku, sarta *andadawa* padu karo aku iku, mulané tekakna marang aku apa kang koancamaké ing aku, manawa kowé iku éwoné wong kang padha temen.

Ar. *anga-kèhaké*

قَالَ إِنَّمَا يَأْتِيْكُمْ بِهِ اللّٰهُ إِنْ شَآءَ وَمَآ
أَنْتُمْ بِمُعْجِزِيْنَ ﴿٣٣﴾

33 Dhèwèké acalathu: Mung Allah kang bakal nekakaké iku ing kowé, manawa dadi karsa-Né, sarta kowé ora bakal padha bisa oncat.

وَلَا يَنْفَعُكُمْ نُصْحِيْٓ إِنْ أَرَدْتُّ أَنْ أَنْصَحَ

34 Lan pituturku ora bakal migunani marang kowé yèn aku

Ut. *aniksa kowé amarga saka sasar*
a. 865

arep mituturana ing kowé, lamun Allah iku wus angarsakaké *adamel leburmu*;[a] Panjenengané iku Pangéranmu, lan marang Panjenengané anggonmu bakal dibalèkaké.

لَكُمْ اِنْ كَانَ اللّٰهُ يُرِيْدُ اَنْ يُّغْوِيَكُمْ هُوَ رَبُّكُمْ وَاِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ﴿٣٤﴾

35 Apa ta padha acalathu: Iku olèhé bawa-anggit? Calathua: Manawa iku olèhku bawa-anggit, iya dak sangga dhéwé kaluputanku lan aku lebaran saka kaluputan kang padha kolakoni.[1176]

اَمْ يَقُوْلُوْنَ افْتَرٰىهُ قُلْ اِنِ افْتَرَيْتُهٗ فَعَلَيَّ اِجْرَامِيْ وَاَنَا بَرِيْٓءٌ مِّمَّا تُجْرِمُوْنَ ﴿٣٥﴾

RUKU' 4

Lalampahanipun Nabi Nuh

36-48. Mengsahipun Kanjeng Nabi kinelem. 49. Para mengsahipun Kanjeng Nabi inggih kados makaten badhé katemahanipun.

Ar. *yèn ora ana*

36 Lan sabda kawedharaké marang Nuh: *ora ana* bangsanira kang bakal angèstu kajaba sapa kang wus angèstu, mulané aja sira sedhih marang apa kang padha dilakoni.

وَاُوْحِيَ اِلٰى نُوْحٍ اَنَّهٗ لَنْ يُّؤْمِنَ مِنْ قَوْمِكَ اِلَّا مَنْ قَدْ اٰمَنَ فَلَا تَبْتَئِسْ بِمَا كَانُوْا يَفْعَلُوْنَ ﴿٣٦﴾

37 Lan agawéa prau *kalawan Ingsun jenengi* sarta (miturut) dhawuh-timbalan-Ingsun lan aja sira duwé unjuk marang Ingsun ing bab para kang padha atindak dudu; sayekti dhèwèké bakal padha kinelem.

وَاصْنَعِ الْفُلْكَ بِاَعْيُنِنَا وَوَحْيِنَا وَلَا تُخَاطِبْنِيْ فِي الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا اِنَّهُمْ مُّغْرَقُوْنَ ﴿٣٧﴾

Ar. *dhèwèké*

38 Lan dhèwéké banjur agawé prau; lan saben-saben ana bangsané kang padha dadi kepala liwat ana ing *kono,* padha amomoyoki dhèwèké. Dhèwèké acalathu: Manawa kowé padha amomoyoki

وَيَصْنَعُ الْفُلْكَ وَكُلَّمَا مَرَّ عَلَيْهِ مَلَاٌ مِّنْ قَوْمِهٖ سَخِرُوْا مِنْهُ قَالَ اِنْ تَسْخَرُوْا

1176. Santunipun ukara punika nedahaken kalayan ceplos bilih ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika para kafir ing Makkah. Déné ingkang dipun pangandikakaken punika anggènipun para kafir wau sami mastani bilih Kitab Quran punika anggitanipun Kanjeng Nabi piyambak.

Ingkang makaten punika nedahaken, bilih cariyos lalampahanipun para nabi ingkang kasebutaken wonten ing Quran Suci, punika boten muhung karana nyariyosaken cariyos-cariyos wau, nanging perlu anggambaraken lalampahanipun Kanjeng Nabi piyambak.

مِنَّا فَإِنَّا نَسْخَرُ مِنْكُمْ كَمَا تَسْخَرُونَ ﴿٣٨﴾

aku, lan sayekti aku iya padha amomoyoki kowé, kaya anggonmu momoyoki (aku).[1177]

فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ مَنْ يَأْتِيهِ عَذَابٌ يُخْزِيهِ وَيَحِلُّ عَلَيْهِ عَذَابٌ مُقِيمٌ ﴿٣٩﴾

39 Lah kowé bakal padha weruh, sapa kang bakal katekan siksa kang angasoraké, lan sapa kang bakal katiban siksa kang awèt.

حَتَّىٰ إِذَا جَاءَ أَمْرُنَا وَفَارَ التَّنُّورُ

40 Nganti, nalikané paréntah Ingsun wis tumeka sarta banyu metu saka ing jujurang,[1178] Ingsun

1177. Rodwell nyebutaken kateranganipun Midr Taukhuma: “Piyambakipun sami anggugujeng lan moyoki panjenenganipun.” Boten nama anèh manawi para titiyang wau sami moyoki. Milanipun klèntu sanget tiyang ingkang nginten bilih samukawis ingkang magepokan kaliyan sugengipun Kanjeng Nabi Nuh, ngemungaken ingkang kasebut ing Bébel kémawon ingkang nyata kalampahan saèstu, sanèsipun punika mesthi boten nyata lan boten saged kalampahan. Tiyang tulus moyoki tiyang duraka, punika boten teka walaka makaten. Tiyang moyoki dhateng satunggaling barang, punika karana badhé ngatingalaken boten remenipun dhateng barang wau. Para kafir sami ngatingalaken boten remenipun damel baita, makaten ugi para angèstu ing janjining Pangéran, inggih sami ngatingalaken boten remenipun dhateng kakafiranipun para kafir wau; déné sababipun katerangaken wonten ing dhawuh ingkang mungel: *kaya anggonmu momoyoki aku*. Kf negesi sanès malih: *Manawa marga saka tindakku aku koanggep wong bodho, lah aku nganggep kowé iku wong bodho marga kakafiranmu .... jalaran olèhmu nganggep bodho marang aku iku mungguh ing sajatiné tuwuh saka kabodhoanmu dhéwé*.

1178. فَارَ التَّنُّورُ punika déning tuwan Sale dipun jarwani: *keren wis sumembur metu banyuné*, déning Palmer: *keren wis umob*, tuwin déning Rodwell: *lumahing bumi wis umob*. Kajawi punika tuwan-tuwan titiga wau sadaya sami mewahi katerangan bilih tembung *tannur* punika ugi ateges *wadhuk* (Palmer), utawi *panandhon* (*wadhuk*) *toya* (Rodwell), utawi *panggènan ngetukipun toya* utawi *panggènan nglempakipun toya* (Sale). Awit saking punika saèstu anggumunaken, déné nadyan para penyantun wau inggih sami mangertos bilih tembung wau gadhah teges sanès, ingkang pancènipun langkung cocog kaliyan nasing dhawuh, meksa dipun jarwani kados ingkang sampun kasebutaken wau. Ingkang makaten wau, kula manah margi kalèntuning anggènipun nyuraos tembung *fâra*, ingkang murugaken lepat wau; dados boten saking kalèntuning panyuraosipun dhateng tembung *tannur*. *Fâra* punika ateges *umob* (tumrap *toya*), utawi *andados* (tumrap *latu*); nanging teges kakalih punika sadaya boten saged dipun anggé wonten ing ngriki, awit *keren* utawi *luweng* makaten boten saged *umob*, makaten ugi inggih boten saged *andados*, jalaran *tannur* punika boten ateges *latu*. Nanging *fâra* punika gadhah teges sanès. LL nerangaken: “*Fâra*, punika tumrap toya ugi ateges: *nyumber* utawi *ngethuk saking siti utawi padhas* (Mgh); *medal, muncrat saking tuk utawi sumber* (TA).” Awit saking punika tembung *fawwârah* punika ateges: *tuk* utawi *sumbering toya*. Déné *tannur,* punika miturut LL wau ateges: *pasiten ingkang inggil piyambak* .... (TA), *sadhéngah panggènan ingkang ngedalaken toya* (M, Q); *panggènan nglempakipun toya ing jujurang* (M, Q). Lah sapunika tegesipun tembung kakalih *fâra* lan *tannur* punika nocogi satunggal kaliyan satunggalipun, sarta satunggal-tunggaling teges wau cocog kaliyan nasing dhawuh. Cacak sadhéngah tiyang saged nyatakaken piyambak. Ing ayat 43 kasebutaken bilih putranipun Kanjeng Nabi Nuh wicanten makaten: “Kula badhé ngili dhateng redi.” Nitik punika tamtu wonten jurang, mila saking pamanggih kula, ngemungaken punika kémawon kateranganipun tembung wau ingkang pinanggih ing nalar. Wonten werdi sanèsipun malih, inggih punika manut anggènipun merdéni Khalifah ‘Ali. Kacariyos Khalifah ‘Ali wau merdéni tembung punika: bangbang wétan sumilak. Tembung *tannur*, ingkang ugi ateges keren, punika anuwuhaken cacriyosan warni-warni ingkang anèh-anèh. Nanging punika kedah katulak.

angandika: Angemota ing kono saben-saben barang (kang perlu) nyajodho,[1179] sarta kulawarganira, – kajaba sapa kang wus katiban sabda ing sadurungé – apa déné sapa kang angèstu. Lan ora liya réwangé kang angèstu iku kajaba mung sathithik.

قُلْنَا احْمِلْ فِيهَا مِنْ كُلٍّ زَوْجَيْنِ اثْنَيْنِ وَأَهْلَكَ إِلَّا مَنْ سَبَقَ عَلَيْهِ الْقَوْلُ وَمَنْ آمَنَ ۚ وَمَا آمَنَ مَعَهُ إِلَّا قَلِيلٌ ﴿٤٠﴾

41 Lan dhèwèké acalathu: Padha nungganga prau, kalawan asmaning Allah lalayarané lan labuhé jangkar; sayekti Pangéranku iku temen Aparamarta, Mahaasih.

وَقَالَ ارْكَبُوا فِيهَا بِسْمِ اللَّهِ مَجْرَاهَا وَمُرْسَاهَا ۚ إِنَّ رَبِّي لَغَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿٤١﴾

Ar. *dhèwèké*
Ar. *dhèwèké*

42 Lan *prau* iku kalawan *momotané* lumaku ing tengahing alun kang prasasat gunung;[1180] sarta Nuh anguwuh anaké lanang, lan iki ana ing kadohan: É, anakku lanang, nungganga prau karo aku sarta aja anggolong para kafir.[1181]

وَهِيَ تَجْرِي بِهِمْ فِي مَوْجٍ كَالْجِبَالِ وَنَادَىٰ نُوحٌ ابْنَهُ وَكَانَ فِي مَعْزِلٍ يَا بُنَيَّ ارْكَبْ مَعَنَا وَلَا تَكُنْ مَعَ الْكَافِرِينَ ﴿٤٢﴾

1179. Saselé, punika ing basa Arab: *zauj*, dados tembung *zaujain* (rimbag *tatsniyah* kanggé nélakaken barang kalih), punika inggih namung ateges: *sajodho*. Awit saking punika زَوْجَيْنِ اثْنَيْنِ punika ateges *jaler satunggal èstri satunggal saben sajodhonipun* (Rz). Saben-saben barang, punika terang ateges sadaya barang ingkang perlu tumrap Kanjeng Nabi Nuh, dados boten sadaya barang ingkang gumelar maujud wonten ing ngalam donya punika, awit tumrap Kanjeng Nabi Nuh nama kewiyaren teba manawi ndadak lalana ing saindhenging jagad barang.

1180. Kedah dipun èngeti bilih Quran babar pisan boten angrujuki dodongèngan ingkang nyariyosaken bilih banjir topan punika ngelebi salumahing bumi sadaya. Kosokwangsulipun, marambah-rambah Quran mangandikakaken bilih kautusipun Kanjeng Nabi Nuh punika namung dhateng *kaumipun*, liripun namung dhateng pancer satunggal sarta miturut angger-anggeripun Pangéran siksa punika kedahipun namung andhawahi umatipun Kanjeng Nabi Nuh wau piyambak inggih punika ingkang sami angemohi yakti saha tansah ngangkah badhé nyirnakaken Kanjeng Nabi Nuh tuwin para pandhèrèkipun. Anggènipun kasebutaken bilih toyanipun mili saking jujurang punika ugi anedahaken bilih ingkang ketaman ing banjir ageng punika namung tanah salaladan dados boten saindhenging bumi. Ambekta sadaya barang, nyajodho, punika inggih boten ateges bilih Kanjeng Nabi Nuh ndadak lalana ing saindhenging jagad lajeng mendheti sarupining kéwan ingkang gesang nyajodho, ing pundi kémawon enggènipun. Awit saupami makatena, ambokmanawi panjenenganipun perlu ambetahaken wekdal ngantos sèwonan taun kanggé nglempakaken sarupining titah ing bumi ingkang gesang nyajodho wau, tur ingkang mesthi atanpa damel. Dados terang bilih dhawuh wau namung andhawuhaken ambekta nyajodho sadaya barang ingkang sakinten perlu tumrap Kanjeng Nabi Nuh tuwin para titiyang ingkang andhèrèkaken panjenenganipun wonten ing baita. Bébel nyariyosaken, bilih Pangéran anurunaken jawah wonten ing bumi, "temah Ingsun anumpes sakèhé kumelip kang wus Suntitahaké kongsi sirna saka ing bumi," sarta dhawuh dhateng Kanjeng Nabi Nuh ingandikakaken ngrimat wonten ing salebeting baita kéwan dharatan saha peksi èwon warninipun sami nyajodho. Sok tiyanga ingkang gadhah nalar mesthi boten ajeng dhateng cacriyosan punika.

1181. Kacariyos putranipun Kanjeng Nabi Nuh ingkang kapangandikakaken wonten ngriki, punika

Ar. *parintah*

Ar. *anaké Nuh*

43 Wangsulané: Kula badhé ngili dhateng redi, ingkang badhé milujengaken kula saking toya. Ing dina iki ora ana kang bisa nylametaké saka *siksaning* Allah kajaba sapa kang sinihan ing Panjenengané;[1182] lan ombak angalingi wong sakaroné, mulané *dhèwèké* kalebu golongané kang padha kinelem.

قَالَ سَاٰوِيْٓ اِلٰى جَبَلٍ يَّعْصِمُنِيْ مِنَ
الْمَاۤءِ ۗ قَالَ لَا عَاصِمَ الْيَوْمَ مِنْ اَمْرِ
اللّٰهِ اِلَّا مَنْ رَّحِمَ ۚ وَحَالَ بَيْنَهُمَا
الْمَوْجُ فَكَانَ مِنَ الْمُغْرَقِيْنَ ﴿٤٣﴾

44 Lan didhawuhaké: É, bumi! untalen banyunira, lan, é, mendhung! sumingkira; lan banyuné (banjur) surut sarta prakara wis kaputus, lan prauné ngandhas ing Judi,[1183] sarta didhawuhaké: Sirnaa bangsa kang atindak dudu.

وَقِيْلَ يٰٓاَرْضُ ابْلَعِيْ مَاۤءَكِ وَيٰسَمَاۤءُ
اَقْلِعِيْ وَغِيْضَ الْمَاۤءُ وَقُضِيَ الْاَمْرُ
وَاسْتَوَتْ عَلَى الْجُوْدِيِّ وَقِيْلَ بُعْدًا
لِّلْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ﴿٤٤﴾

putranipun ingkang garwa Kanjeng Nabi Nuh patutan kaliyan sémahipun ingkang rumiyin. Punika dipun kiyataken déning *qira'ah* (waosan) ingkang angka kalih, inggih punika kados anggènipun maos Bagéndha 'Ali: *ibnahâ*, jawinipun anaké rabiné (Rz). Para Muslimin ingkang rumiyin-rumiyin ingkang kathah sami nganggé pamanggih punika (JB). Ing ayat 45 tiyang wau ugi kasebutaken: *min ahli*, ingkang saged dipun jarwani *saking sémah kawula*. Punika saya ngiyataken pamanggih wau. Sawenèh mastani bilih piyambakipun punika wayahipun Kanjeng Nabi Nuh, namanipun Kan'ân, awit tembung *ibn* punika kénging dipun tegesi anak lan dipun tegesi putu.

1182. Ukara *man rahîma* punika saged mengku teges *Kang mahambeg welas asih* utawi kang *sinihan ing Panjenengané*. Manawi dipun tegesi: *Kang mahambeg welas asih* punika mengku kajeng: Gusti Allah, dados suraosipun: ngemungaken Ingkang-Mahaasih piyambak ingkang saged milujengaken saking siksa. Déné manawi dipun tegesi *kang sinihan ing Panjenengané*, lajeng asuraos: boten wonten tiyang ingkang saged rumeksa saking siksa ingkang katurunaken déning Allah, ngemungaken manawi kaayoman déning tiyang ingkang sinihan déning Allah.

1183. Kacariyos namanipun redi punika ing basa *Griek Gordyoei* inggih punika: "salah satunggalipun redi ingkang misahaken tanah Armenia ing kidul kaliyan Mesopotamia" (Sale). Miturut tuwan Sale wau: "cariyos ingkang nerangaken bilih baitanipun Nabi Nuh kèndel wonten ing pareden ngriku punika mesthi cariyos ingkang sampun kina sanget, awit inggih cariyos wau cariyosipun bangsa Khaldéan piyambak (Berosus, *apud* Yoseph): para tukang anjarwani bangsa Khaldee sami ngrujuki pamanggih wau ingkang angsalipun sampun kina sanget, langkung-langkung ing antawisipun titiyang Nasrani Wétanan. Kanggé ngiyataken pamanggih wau, dipun cariyosaken bilih tilas baitanipun Kanjeng Nabi Nuh wau taksih saged dipun tingali wonten ing pareden Cordyoei. Berosus tuwin Abydenus sami nerangaken, bilih nalika jamanipun, wonten pawartos ingkang kados makaten wau. Berosus nerangaken bilih kathah titiyang ingkang sami dudunung ing sakiwa-tengenipun ngriku sami nethèli dhempuling blabag-blabagipun baita wau perlu dipun anggé anèh-anèhan sarta dipun bekta kanggé jimat. Abydenus nerangaken bilih para titiyang wau sami migunakaken kajengipun baita wau kanggé anjampèni sasakit warni-warni, sarta inggih wonten kasilipun ingkang kalayan angéram- eramaken. Manawi kita pitados dhateng cariyosipun Epiphanius, nalika jamanipun Epiphanius wau baita wau taksih saged dipun tingali (Epiph. Haerus, 18). Wonten cariyos malih ingkang nerangaken bilih Sang Nata Heraklius naté tedhak saking kitha Thamanin dhateng redi Al-judi sarta mariksani panggènanipun baita wau (Elmacin, Li.c.l.). Rumiyin ing ngriku ugi wonten satunggaling wihara (monastery) ingkang misuwur, winastan wihara prau, dumunung wonten ing sawenèh redi ing pareden ngriku." Nanging tembungipun Arab *Judi* punika inggih saged ugi rimbagan saking tembung *jud* ingkang tegesipun *kaluhuran* utawi *pirena*, déné

وَنَادَىٰ نُوحٌ رَّبَّهُ فَقَالَ رَبِّ إِنَّ ابْنِي مِنْ أَهْلِي وَإِنَّ وَعْدَكَ الْحَقُّ وَأَنتَ أَحْكَمُ الْحَاكِمِينَ ﴿٤٥﴾

45 Lan Nuh anguwuh Pangérané unjuké: Pangéran kawula! saèstu anak kawula punika kalebet kulawarga kawula, saha saèstu, janji Tuwan punika nyata, saha Tuwan punika Adil-adilipun para ingkang sami nyepeng pangadilan.

قَالَ يَا نُوحُ إِنَّهُ لَيْسَ مِنْ أَهْلِكَ ۖ إِنَّهُ عَمَلٌ غَيْرُ صَالِحٍ ۖ فَلَا تَسْأَلْنِ مَا لَيْسَ لَكَ بِهِ عِلْمٌ ۖ إِنِّي أَعِظُكَ أَن تَكُونَ مِنَ الْجَاهِلِينَ ﴿٤٦﴾

46 Panjenenganè angandika: É, Nuh! Sayekti dhèwèké ora kalebu kulawarganira; satemené dhèwèké iku (anindakaké) saliyané panggawé becik;[1184] mulané aja sira nyuwun marang Ingsun apa kang sira ora kadunungan kaweruhé; sayekti Ingsun amituturi sira, mundhak sira dadi golongan para kang padha bodho.

قَالَ رَبِّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ أَنْ أَسْأَلَكَ مَا لَيْسَ لِي بِهِ عِلْمٌ ۖ وَإِلَّا تَغْفِرْ لِي وَتَرْحَمْنِي أَكُن مِّنَ الْخَاسِرِينَ ﴿٤٧﴾

47 Dhèwèké munjuk: Pangéran kawula! saèstu kawula angayom ing Tuwan, sampun ngantos kawula nyuwun ing Tuwan samukawis ingkang kawula boten kadunungan kawruhipun; saha, manawi Tuwan boten angampunten ing kawula tuwin boten aparing wilasa ing kawula, kawula badhé kagolong para ingkang sami kapitunan.

---

panambang ingkang awujud aksara *yâ*, punika minangka kanggé nisbataken.

1184. Tegesipun ukara انه عمل غير صالح punika dipun cethakaken déning ukara tunggilipun ingkang mungel: انه ليس من اهلك . *Dlamir hu* ing ukara warni kalih punika sami tiyangipun. Kedah dipun èngeti bilih ing basa Arab, manawi badhé mastani satunggaling tiyang kadi déné sumariranipun satunggaling sisifatan, tiyang wau boten katembungaken kadi déné tiyang ingkang kasinungan sisifatan wau, nanging katembungaken kadi déné sisifatan wau piyambak. Upaminipun tembung انه كرم *sayekti dhèwèké iku mulya* utawi tembung انه جود *sayekti dhèwèké iku pradhah*, punika mengku teges mastani bilih piyambakipun punika sumariranipun mulya lan pradhah. Ing Quran wonten dhawuh ingkang mungel makaten البر من آمن jawinipun: *kautaman iku wong kang angèstu*, salajengipun (2: 177); punika mengku teges mastani bilih tiyang ingkang kados makaten wau sumariranipun katulusan. Dados انه عمل غير صالح punika ateges *satemené dhèwèké iku sumariraning saliyané panggawé becik.* Waosanipun ingkang angka kalih, ukara punika mawi *fi'il madli* (tembung kriya ingkang nedahaken wekdal ingkang sampun kalampahan): '*amila* tegesipun nindakaké, boten mawi tembung *mashdar* (lingga) '*amalun* ingkang ateges: tindak. Lah punika ugi ambuktèkaken leresipun teges ingkang sampun kagelaraken ing nginggil wau.

48 Didhawuhaké (mangkéné) É, Nuh! Mudhuna kalawan karahayon saka Panjenenganingsun sarta berkah tumrap marang sira sarta tumrap para bangsa saka golongan kang mèlu sira, lan bakal ana bangsa-bangsa kang bakal Ingsun paringi pasadhiyan, tumuli siksa kang nglarani saka Panjenenganingsun bakal angenani dhèwèké.

قِيلَ يَٰنُوحُ ٱهْبِطْ بِسَلَٰمٍ مِّنَّا وَبَرَكَٰتٍ
عَلَيْكَ وَعَلَىٰٓ أُمَمٍ مِّمَّن مَّعَكَ ۚ وَأُمَمٌ
سَنُمَتِّعُهُمْ ثُمَّ يَمَسُّهُم مِّنَّا عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٤٨﴾

49 Iki sawenèhing pawarta-
Ar. *gaib* pawarta prakara kang *ora katon,* kang Ingsun wedharaké marang sira, iku sira ora weruh – sira sarta bangsanira ya ora – ing sadurungé iki; mulané disabar; sayekti, kawusanan (kang becik) iku bagéané para kang padha anjaga dhiri (saka ing ala).[1185]

تِلْكَ مِنْ أَنۢبَآءِ ٱلْغَيْبِ نُوحِيهَآ إِلَيْكَ ۖ مَا
كُنتَ تَعْلَمُهَآ أَنتَ وَلَا قَوْمُكَ مِن قَبْلِ
هَٰذَا ۖ فَٱصْبِرْ ۖ إِنَّ ٱلْعَٰقِبَةَ لِلْمُتَّقِينَ ﴿٤٩﴾

RUKU' 5

Lalampahanipun Nabi Hud

50-57. Nabi Hud anggelaraken wulang dipun mengsahi sarta aparing pèpènget. 58-60. Para ingkag sami mengsahi kalebur.

a. 903 50 Lan marang 'Ad[a] (Ingsun
b. 905 angutus) saduluré, Hud.[b] Calathuné: É, bangsaku! padha ngawulaa ing Allah, kowé ora duwé sesembahan saliyané Panjenengané; ora liya kowé iku kajaba tukang nganggit-anggit (panggorohan):

وَإِلَىٰ عَادٍ أَخَاهُمْ هُودًا ۚ قَالَ يَٰقَوْمِ
ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُۥٓ ۖ
إِنْ أَنتُمْ إِلَّا مُفْتَرُونَ ﴿٥٠﴾

1185. Pawartos-pawartos prakawis *gaib*, punika sanès cariyosipun Kanjeng Nabi Nuh wau, nanging nasibipun para titiyang Makkah ingkang sami milawani dhateng Kanjeng Nabi Suci, kados déné ingkang kawengku ing cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh wau. Ukara sambetipun – *di sabar* – punika sampun saged anedahaken kanthi terang punapa ingkang dipun karsakaken "pawartos gaib" punika, awit ingkang perlu dipun entosi kalayan sabar punika nasibipun para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, sanès prakawis ingkang magepokan kaliyan cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh. Ing pungkasaning ruku' ingkang sampun, ugi wonten sebutanipun dhateng mengsahipun Kanjeng Nabi Suci sawarni punika. Makaten ugi kula aturi mirsani surat 26, ing ngriku saben mentas nyariyosaken cariyos lalampahanipun nabi, mesthi dipun pungkasi kalayan dhawuh: "Sayekti ing kono ana tandha yakti, nanging dhèwèké kang akèh ora padha angèstu." Lah ing dhawuh ngriku mengku katerangan bilih para ingkang sami milawani Kanjeng Nabi, mesthi badhé nandhang nasib kados déné ingkang kasandhang para ingkang sami milawani dhateng para andika nabi ingkang sampun-sampun.

51 É, bangsaku! aku ora njaluk pituwas kowé ing atasé prakara iku; pituwasku mung ana ing Panjenengané, kang wus anitahaké aku; lah apa ta kowé iku padha ora ngerti?

يٰقَوْمِ لَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ أَجْرًا ۖ إِنْ أَجْرِيَ
إِلَّا عَلَى الَّذِي فَطَرَنِي ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿٥١﴾

52 Apa déné, o, bangsaku! padha nyuwuna pangapura ing Pangéranira, tumuli tobata marang Panjenengané, Panjenengané bakal angutus mendhung marang ing dhuwurira angesokaké udan angemohi, sarta, *amuwuhi* kakuwatan marang kakuwatanmu tuwin aja kowé padha duraka maléngos.

Ar. *amuwuhi kowé*

وَيٰقَوْمِ اسْتَغْفِرُوا رَبَّكُمْ ثُمَّ تُوبُوا إِلَيْهِ
يُرْسِلِ السَّمَاءَ عَلَيْكُمْ مِدْرَارًا وَيَزِدْكُمْ
قُوَّةً إِلَىٰ قُوَّتِكُمْ وَلَا تَتَوَلَّوْا مُجْرِمِينَ ﴿٥٢﴾

53 Dhèwèké padha calathu: É, Hud! Kowé ora anekakaké bukti kang terang marang aku, lan aku ora bakal padha ninggal sesembahanku marga saka calathumu, lan aku iki dudu wong kang padha angèstu marang kowé:

قَالُوا يٰهُودُ مَا جِئْتَنَا بِبَيِّنَةٍ وَمَا نَحْنُ
بِتَارِكِي آلِهَتِنَا عَنْ قَوْلِكَ وَمَا نَحْنُ
لَكَ بِمُؤْمِنِينَ ﴿٥٣﴾

54 Ora liya aku iki mung padha kandha, yèn sawenèhing sesembahanku anibakaké wilalat marang kowé. Calathuné: Sayekti aku iki aneksèkaké marang Allah lan kowé iya padha neksènana, yèn aku iki lebaran saka barang kang padha kok sekutokaké (marang Allah).

إِنْ نَقُولُ إِلَّا اعْتَرَاكَ بَعْضُ آلِهَتِنَا
بِسُوءٍ ۗ قَالَ إِنِّي أُشْهِدُ اللَّهَ وَاشْهَدُوا
أَنِّي بَرِيءٌ مِمَّا تُشْرِكُونَ ﴿٥٤﴾

55 Saliyané Panjenengané mulané padha anandukna sandi-upayamu kabèh baé marang aku; tumuli aku aja kok wènèhi sumené;

مِنْ دُونِهِ فَكِيدُونِي جَمِيعًا ثُمَّ لَا تُنْظِرُونِ ﴿٥٥﴾

56 Sayekti aku iki suméndhé marang Allah, Pangéranku lan Pangéranmu; ora ana titah kang asipat urip kang ora *dikawasani* Panjenengané; sayekti Pangeranku iku ana ing dalan kang bener.[1186]

Ar. *diasta kuncungé déné*

إِنِّي تَوَكَّلْتُ عَلَى اللَّهِ رَبِّي وَرَبِّكُمْ ۚ مَا
مِنْ دَابَّةٍ إِلَّا هُوَ آخِذٌ بِنَاصِيَتِهَا ۚ إِنَّ
رَبِّي عَلَىٰ صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ ﴿٥٦﴾

1186. Ukara: *Pangéranku iku ana ing dalan kang bener*, punika ateges bilih Panjenenganipun

57 Ananging manawa kowé padha maléngos, lah temen aku wis nekakaké marang kowé ayahan anggonku kautus marang kowé sarta Pangéranku bakal anyalini bangsa saliyané kowé, lan kowé ora bisa amitunani Panjenengané apa-apa; sayekti Pangéranku iku marang samubarang rumeksa.

فَإِن تَوَلَّوْا فَقَدْ أَبْلَغْتُكُم مَّا أُرْسِلْتُ
بِهِۦٓ إِلَيْكُمْ ۚ وَيَسْتَخْلِفُ رَبِّى قَوْمًا غَيْرَكُمْ
وَلَا تَضُرُّونَهُۥ شَيْـًٔا ۚ إِنَّ رَبِّى عَلَىٰ
كُلِّ شَىْءٍ حَفِيظٌ ٥٧

58 Lan bareng paréntah-Ingsun wis tumeka, Ingsun anyalametaké Hud sarta para kang padha angèstokaké dhèwèké, kalawan wilasa saka Panjenenganingsun, sarta padha Ingsun selametaké saka siksa kang keras.

وَلَمَّا جَآءَ أَمْرُنَا نَجَّيْنَا هُودًا وَٱلَّذِينَ
ءَامَنُوا۟ مَعَهُۥ بِرَحْمَةٍ مِّنَّا وَنَجَّيْنَٰهُم مِّنْ
عَذَابٍ غَلِيظٍ ٥٨

59 Lan iya iku ‘Ad dhèwèké padha angemohi timbalan-timbalaning Pangéran sarta padha andhaga para utusan-É, tuwin padha manut paréntahing sarupané kang gumedhé angas (ing kasunyatan).

وَتِلْكَ عَادٌ ۖ جَحَدُوا۟ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِمْ وَعَصَوْا۟
رُسُلَهُۥ وَٱتَّبَعُوٓا۟ أَمْرَ كُلِّ جَبَّارٍ عَنِيدٍ ٥٩

a. 910 60 Lan dhèwèké dielud ing wewelak ana ing donya iki[a] sarta ing dina kiyamat; O, lah sayekti, ‘Ad iku angafiri Pangérané; O, lah, ‘Ad
Ut. *lebura* bangsané Hud, *sirnaa.*

وَأُتْبِعُوا۟ فِى هَٰذِهِ ٱلدُّنْيَا لَعْنَةً وَيَوْمَ
ٱلْقِيَٰمَةِ ۗ أَلَآ إِنَّ عَادًا كَفَرُوا۟ رَبَّهُمْ ۗ
أَلَا بُعْدًا لِّعَادٍ قَوْمِ هُودٍ ٦٠

RUKU’ 6

Lalampahanipun Nabi Salih

61-64. Nabi Salih anggelaraken wulang sarta pèpènget. 65-–68 Ingkang mengsahi sami lebur.

b. 911 61 Lan marang Tsamud[b] Ingsun
c. 912 angutus saduluré Salih.[c] Calathuné: O, bangsaku! padha angawulanana Allah, kowé padha ora duwé sesembahan saliyané Panjenengané;

وَإِلَىٰ ثَمُودَ أَخَاهُمْ صَٰلِحًا ۚ قَالَ يَٰقَوْمِ
ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُۥ ۖ

---

tansah anglenggahi adil, mokal manawa Panjenenganipun ngantos nyirnakaken tiyang tulus tuwin mokal tiyang ingkang atindak dédé ngantos saged oncat saking siksa-Nipun (Bd).

هُوَ أَنْشَأَكُمْ مِّنَ الْأَرْضِ وَاسْتَعْمَرَكُمْ
فِيهَا فَاسْتَغْفِرُوهُ ثُمَّ تُوبُوا إِلَيْهِ ۚ
إِنَّ رَبِّي قَرِيبٌ مُّجِيبٌ ﴿٦١﴾

Panjenengané wus andadèkaké kowé saka bumi, sarta angenggonaké kowé ana ing kono; mulané padha nyuwuna Pangapura Panjenengané, tumuli padha tobata marang Panjenengané; sayekti Pangéranku iku caket, nyembadani.

قَالُوا يَا صَالِحُ قَدْ كُنتَ فِينَا مَرْجُوًّا قَبْلَ
هَٰذَا أَتَنْهَانَا أَن نَّعْبُدَ مَا يَعْبُدُ آبَاؤُنَا
وَإِنَّنَا لَفِي شَكٍّ مِّمَّا تَدْعُونَا إِلَيْهِ مُرِيبٍ ﴿٦٢﴾

62 Dhèwèké padha calathu: O, Salih temen kowé iku wong ing golonganku, ing sadurungé iki dadi dununging pangarep-arep kang gedhé; apa kowé (saiki) anglarangi aku padha angawulani apa kang dikawulani bapak-bapakku? Lan sayekti aku iki padha ana ing semang-semang kang abanget marang apa kang kok uwuh tumrap ing aku.

قَالَ يَا قَوْمِ أَرَأَيْتُمْ إِن كُنتُ عَلَىٰ بَيِّنَةٍ
مِّن رَّبِّي وَآتَانِي مِنْهُ رَحْمَةً فَمَن
يَنصُرُنِي مِنَ اللَّهِ إِنْ عَصَيْتُهُ ۖ فَمَا
تَزِيدُونَنِي غَيْرَ تَخْسِيرٍ ﴿٦٣﴾

63 Calathuné: O, bangsaku! mara aku kandhanana, manawa aku kadunungan bukti kang terang saka Pangéranku, sarta Panjenengané amaringi wilasa aku saka Sariransé – lah sapa ta kang bakal mitulungi anulak Allah yèn ta aku andagaa marang Panjenengané. Mulané, ora pisan kowé iku padha angundhaki apa-apa marang aku, saliyané kapitunan:

وَيَا قَوْمِ هَٰذِهِ نَاقَةُ اللَّهِ لَكُمْ آيَةً
فَذَرُوهَا تَأْكُلْ فِي أَرْضِ اللَّهِ وَلَا
تَمَسُّوهَا بِسُوءٍ فَيَأْخُذَكُمْ عَذَابٌ قَرِيبٌ ﴿٦٤﴾

64 Lan, O, bangsaku! iki unta wadon kagunganing Allah tumrap
a. 913 marang kowé,[a] sawijining tandha; mulané karebèn baé mangan ana ing bumining Allah, lan aja kowé anggepok kalawan piala, mundhak siksa kang parek angenani ing kowé.

فَعَقَرُوهَا فَقَالَ تَمَتَّعُوا فِي دَارِكُمْ ثَلَاثَةَ
أَيَّامٍ ۖ ذَٰلِكَ وَعْدٌ غَيْرُ مَكْذُوبٍ ﴿٦٥﴾

65 Ananging (wong Tsamud) padha ambelèh (unta) iku tumuli dhèwèké (Salih) acalathu: Kowé padha abungah-bungaha ing omahmu telung dina, iku janji kang ora maléca.

66 Lah bareng pancasan Ingsun wis tumeka, Ingsun anyalametaké Salih sarta para kancané kang padha angèstokaké kalawan wilasa saka Ingsun, tuwin (padha Ingsun salametaké) saka asoré ing dina iku; sayekti Pangéranira iku Ingkang-Prakosa, Ingkang-Minulya.

فَلَمَّا جَآءَ اَمْرُنَا نَجَّيْنَا صٰلِحًا وَّالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مَعَهٗ بِرَحْمَةٍ مِّنَّا وَمِنْ خِزْيِ يَوْمِئِذٍؕ اِنَّ رَبَّكَ هُوَ الْقَوِيُّ الْعَزِيْزُ ﴿۶۶﴾

67 Sarta swara gumludhug anyerang para kang padha atindak
b. 915
dudu,[b] temahan dhèwèké padha dadi awak kang tanpa mosik ana ing omahé.

وَاَخَذَ الَّذِيْنَ ظَلَمُوا الصَّيْحَةُ فَاَصْبَحُوْا فِيْ دِيَارِهِمْ جٰثِمِيْنَ ﴿۶۷﴾

68 Kaya-kaya ing kono iku dhèwèké ora tau angenggoni; o, sayekti Tsamud iku *angafiri* Pangérané, o, sayekti, *sirnaa* Tsamud!

Ar. *padha angafiri*
Ut. *lebura*

كَاَنْ لَّمْ يَغْنَوْا فِيْهَاؕ اَلَآ اِنَّ ثَمُوْدَاۡ كَفَرُوْا رَبَّهُمْؕ اَلَا بُعْدًا لِّثَمُوْدَ ﴿۶۸﴾

RUKU' 7

Lalampahanipun Nabi Luth

69-76. Kawartosaken dhateng Nabi Ibrahim bab badhé lahiripun anak jaler sarta katemahanipun Nabi Luth. 77-80, Wawan ginemipun Nabi Luth kaliyan umatipun. 81, 82. Piyambakipun sami dipun lebur. 83. Para titiyang Makkah sami dipun paringi sumerep katemahan ingkang kadhos makaten.

69 Lan sayekti temen para utusan-utusan-Ingsun[1187] wus padha anekani Ibrahim kalawan pawarta bubungah. Padha angucap: Rahayu! Wangsulané: Rahayu! Sarta tanpa taha angladèkaké panggang pedhèt.

وَلَقَدْ جَآءَتْ رُسُلُنَآ اِبْرٰهِيْمَ بِالْبُشْرٰى قَالُوْا سَلٰمًاؕ قَالَ سَلٰمٌ فَمَا لَبِثَ اَنْ جَآءَ بِعِجْلٍ حَنِيْذٍ ﴿۶۹﴾

70 Bareng dhèwèké weruh,
Ar. *tumawa*
tangan-tangané padha ora *anggepok* marang iku,[1188] panemuné iku

فَلَمَّا رَاٰۤ اَيْدِيَهُمْ لَا تَصِلُ اِلَيْهِ

1187. Kula aturi mirsani Purwaning Dumados 18: 1-7. Quran boten ngandikakaken kanthi ceplos bilih utusan punika malaikat.

1188. Punika boten sami kaliyan kateranganipun Bébel (Purwaning Dumados 18: 8), awit Bébel nyariyosaken bilih para utusan wau sami nedha olah-olahan pedhèt saha tetedhan sanès pasugatanipun Kanjeng Nabi Ibrahim. Kados déné ingkang katerangaken déning tuwan Rodwell, katranganipun para pandhita Yahudi inggih béda kaliyan kateranganipun Bébel wau. Tuwan Rodwell mawi nyebutaken Is. Baba Mezia, fol. 86 ingkang anyebutaken: "Panjenengané padha api-api dhahar."

anèh sarta rumasa wedi marang dhèwèké. Padha calathu: sampun sampèyan ajrih, saèstu kula punika sami kautus dhateng umatipun Luth.

نَكِرَهُمْ وَأَوْجَسَ مِنْهُمْ خِيفَةً ۚ قَالُوا لَا تَخَفْ إِنَّا أُرْسِلْنَا إِلَىٰ قَوْمِ لُوطٍ ﴿٧٠﴾

71 Sarta rabiné ngadeg (ana ing kono) karo angguguyu; tumuli Ingsun aparing pawarta bubungah marang dhèwèké *bakal anak-anak* Ishaq, sarta ing sawisé Ishaq (bakal apuputu) Ya'qub.[1189]

Ar. *kalawan*

وَامْرَأَتُهُ قَائِمَةٌ فَضَحِكَتْ فَبَشَّرْنَاهَا بِإِسْحَاقَ وَمِنْ وَرَاءِ إِسْحَاقَ يَعْقُوبَ ﴿٧١﴾

72 Calathuné: O, angéram-éram-aké![1190] punapa badhé kula gadhah anak, tiyang kula punika sampun sepuh sanget, sarta punika, laki kula, (inggih) sampun sepuh sanget? Saèstu, punika barang ingkang angéram-éramaken.

قَالَتْ يَا وَيْلَتَىٰ أَأَلِدُ وَأَنَا عَجُوزٌ وَهَٰذَا بَعْلِي شَيْخًا ۖ إِنَّ هَٰذَا لَشَيْءٌ عَجِيبٌ ﴿٧٢﴾

73 Dhèwèké padha calathu: Punapa sampéyan anggumuni pa-réntahipun Allah? Wilasanipun Allah sarta berkah-Ipun dhumawah dhateng sampéyan o, batihing griya;[1191] saèstu Panjenenganipun punika Pinuji, Linuhung.

قَالُوا أَتَعْجَبِينَ مِنْ أَمْرِ اللَّهِ ۖ رَحْمَتُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ عَلَيْكُمْ أَهْلَ الْبَيْتِ ۚ إِنَّهُ حَمِيدٌ مَجِيدٌ ﴿٧٣﴾

1189. Kula aturi mirsani Purwaning Dumados 18: 10-12. Wayah (Kanjeng Nabi Ya'qub) kasebutaken, punika kanggé anedahaken bilih putranipun wau badhé gadhah turun. Kaèngetana ugi bilih tembung *warâ*, ingkang limrahipun ateges *saburiné* utawi *sangarepé*, punika ugi ateges *putu* – TA: الوراءُ ولد الولد. Awit saking punika mila tembung wau kula tegesi kados jarwan ing nginggil. Ing panggènan sanès Quran Suci nyebutaken ويعقوب نافلة lah nama Ya'qub dipun sambeti tembung *nâfilah*, punika nedahaken kanthi terang, bilih panjenenganipun punika kaprenah wayah kaliyan Kanjeng Nabi Ibrahim.

1190. Tembungipun ingkang asli: *yâ wailatâ*, sarta rèhning tembung *wail* punika limrahipun mengku teges *cilaka*, mila mantukipun ukara wau kedah dipun tegesi: *Cilaka aku!* Nanging rèhning ukara punika kanggé nembungaken pasambat susah tuwin prihatos, mangka kawontenan nalika ukara wau kaucapaken punika kawontenan bingah, mila anggèn kula anjarwani radi béda sakedhik. Suprandéné inggih dipun èngetana bilih miturut waton-waton ingkang kénging pinitados sanget, tembung *wail* punika dipun anggé kanggé sabawaning gumun, sami ugi punapa saweg wonten ing kawontenan begja punapa cilaka. Kadosta TA nerangaken: "*Sarta wail punika kanggènipun mengku suraos gumun*." Para mufassirin sami gadhah pamanggih bilih inggih makaten punika tegesipun tembung wau ing ngriki (Kf, Bd). Miturut AH *tembung wau tembung ingkang asring dipun anggé déning titiyang èstri, manawi ngalami punapa-punapa ingkang murugaken gumun*.

1191. Rabinipun satunggaling tiyang, punika kagolong اهل البيت. Malah menggah ing sajatos-

74 Bareng si wedi wis sumingkir saka Ibrahim sarta pawarta bubungah wis tumeka marang dhèwèké, dhèwèké amadoni Ingsun ing dalem (prakara) umaté Luth.[1192]

فَلَمَّا ذَهَبَ عَنْ إِبْرٰهِيمَ الرَّوْعُ وَجَآءَتْهُ الْبُشْرٰى يُجَادِلُنَا فِى قَوْمِ لُوطٍ ﴿٧٤﴾

75 Sayekti Ibrahim iku temen momot lembah manah akèh tobaté (maring Allah).

إِنَّ إِبْرٰهِيمَ لَحَلِيمٌ أَوّٰهٌ مُّنِيبٌ ﴿٧٥﴾

76 O, Ibrahim! togna baé iki sayekti pancasané Pangéranira temen wus tumeka, lan sayekti, siksa masthi tumiba marang dhèwèké, tanpa kena ditulak.

يٰٓإِبْرٰهِيمُ أَعْرِضْ عَنْ هٰذَآ ۚ إِنَّهُۥ قَدْ جَآءَ أَمْرُ رَبِّكَ ۖ وَإِنَّهُمْ ءَاتِيهِمْ عَذَابٌ غَيْرُ مَرْدُودٍ ﴿٧٦﴾

a. 197 (*para umaté*)

77 Lan bareng para utusan-Ingsun wus tumeka marang Luth,[a] iki nusahaké marang *dhèwèk*é, sarta ora kuwagang angayomi[1193] tuwin acalathu: Iki dina kang rekasa.

وَلَمَّا جَآءَتْ رُسُلُنَا لُوطًا سِىٓءَ بِهِمْ وَضَاقَ بِهِمْ ذَرْعًا وَقَالَ هٰذَا يَوْمٌ عَصِيبٌ ﴿٧٧﴾

78 Lan umaté anekani dhèwèké, (kaya-kaya) kalawan lumayu anggoné amarani dhèwèké, lan ing mau-mauné pancèn gawéné anindakaké panggawé ala. Calathuné: É, umatku, iki anak-anak wadon – iku luwih suci – tumrap marang kowé, lah padha diprayitna marang (siksaning) Allah, sarta aja padha anisthakaké aku tumrap marang dhayoh-dhayohku; apa ta kowé iku ora ana siji-sijia sing burus ing budhi?[1194]

وَجَآءَهُۥ قَوْمُهُۥ يُهْرَعُونَ إِلَيْهِ ۖ وَمِن قَبْلُ كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ السَّيِّـَٔاتِ ۚ قَالَ يٰقَوْمِ هٰٓؤُلَآءِ بَنَاتِى هُنَّ أَطْهَرُ لَكُمْ ۖ فَاتَّقُوا۟ اللَّهَ وَلَا تُخْزُونِ فِى ضَيْفِىٓ ۖ أَلَيْسَ مِنكُمْ رَجُلٌ رَّشِيدٌ ﴿٧٨﴾

jatosipun ingkang asli katuju ing dhawuh punika, punika garwanipun Kanjeng Nabi Ibrahim. Tembung saminipun punika ugi kagem wonten ing 33: 33, inggih punika ingkang tumrap Kanjeng Nabi Suci, déné ingkang kagolong *ahlu-l-bait* ing ngriku, para garwa tuwin putra-putranipun Kanjeng Nabi.

1192. Kula aturi mirsani Purwaning Dumados 18: 21-23.

1193. Tembung *dhar'* ingkang asalipun ateges *ngethungaken asta* (LL), punika kanggènipun kalayan mengku suraos *kiyat* utawi *saged* (TA, TH, Kf, YB). Milanipun ukara ضاق بالامر ذرعا punika ateges: *dhèwèké ora bisa nindakaké suwijining prakara, utawi ateges dhèwèké ora kuwagang (ora duwé kakuwatan) kanggo ngrampungi prakara iku* (Q-LL).

1194. Nitik Purwaning Dumados 19: 9, Kanjeng Nabi Luth punika wonten ing kitha ngriku tiyang énggalan: "Harata, wong siji iki ana ing kéné dadi wong neneka, teka arep ngakimi aku," sarta rèhning

79 Dhèwèké padha mangsuli: Kowé rak wis weruh temenan, yèn aku padha ora duwé mélik marang anak-anakmu wadon, lan sayekti kowé iku temen weruh apa kang padha dakkarepaké.

قَالُوا لَقَدْ عَلِمْتَ مَا لَنَا فِي بَنَاتِكَ مِنْ حَقٍّ ۚ وَإِنَّكَ لَتَعْلَمُ مَا نُرِيدُ ﴿٧٩﴾

Ar. *tumrap*

80 Calathuné: Ah, lamuna aku duwé kakuwatan *kanggo nulak* kowé, utawa dak ngungsi marang Panulung Kang Prakosa.[1194A]

قَالَ لَوْ أَنَّ لِي بِكُمْ قُوَّةً أَوْ آوِي إِلَىٰ رُكْنٍ شَدِيدٍ ﴿٨٠﴾

a. 197A

81 Padha calathu: O Luth! kula punika saèstu para utusanipun Pangéran ijengandika; piyambakipun boten badhé sami angéngingi ijengandika; milanipun ijengandika oncataken para pandhèrèk[a] ijengandika ing sapéranganing dalu – sarta sampun ngantos wonten satunggal-tunggala golongan ijengandika ingkang wangsul – kajawi sémah ijengandika,[1195] amargi saèstu, punika badhé nandhang punapa ingkang sami dipun sandhang; saèstu wancinipun ingkang sampun tinamtu punika wanci gagat bangun; punapa wancinipun gagat bangun boten sampun caket?

قَالُوا يَا لُوطُ إِنَّا رُسُلُ رَبِّكَ لَنْ يَصِلُوا إِلَيْكَ ۖ فَأَسْرِ بِأَهْلِكَ بِقِطْعٍ مِنَ اللَّيْلِ وَلَا يَلْتَفِتْ مِنْكُمْ أَحَدٌ إِلَّا امْرَأَتَكَ ۖ إِنَّهُ مُصِيبُهَا مَا أَصَابَهُمْ ۚ إِنَّ مَوْعِدَهُمُ الصُّبْحُ ۚ أَلَيْسَ الصُّبْحُ بِقَرِيبٍ ﴿٨١﴾

---

para utusan wau sami sanès asli ngriku, mila titiyang ing kitha ngriku sami ngawisi Kanjeng Nabi Luth kanggènan para utusan wau. Kanjeng Nabi Luth nawèkaken putra-putranipun èstri kanggé tanggelan, supados panjenenganipun dipun idini kanggènan tamunipun wau; mila makaten awit miturut ingkang kacetha ing 15: 70 panjenenganipun dipun awisi nampèni tamu tiyang sanès asli ngriku wonten ing dalemipun: "Apa aku ora wis padha nglarangi kowé tumrap wong-wong liya?" inggih punika boten kénging suka pangayoman. Déné ingkang makaten wau wonten sababipun, inggih punika tansah ngandhut kuwatos margi wontenipun peperangan antawisipun pancer satunggal kaliyan satunggalipun. Prayogi dipun pèngeti ugi bilih manawi miturut pamanggihipun para mufassirin ingkang kathah-kathah, ingkang katawèkaken déning Kanjeng Nabi Luth punika sanès kok putranipun èstri piyambak, nanging titiyangipun èstri pancer ing ngriku, awit nabi makaten manawi ambasakaken titiyangipun èstri panceripun katembungaken putranipun piyambak (Rz, JB), sarta manawi Kanjeng Nabi Luth ngandika makaten wau, punika boten sanès inggih namung mengku karsa ngèngetaken pasrawunganipun jaler lan èstri manut punapa mesthinipun. Namung sajakipun wangsulaning kaumipun punika anggayut putranipun èstri Kanjeng Nabi Luth piyambak.

1194A. Allah punika panulung ingkang prakosa. Tiyang tulus samangsa manggih riribed, dhateng Panjenenganipun punika anggènipun ngungsi. Tembung pangiket *au* punika tegesipun *utawa*, sarta ateges *malah*, inggih punika saminipun tembung *bal* (Mgh-LL).

1195. Mirsanana Purwaning Dumados 19: 26.

82 Lah bareng pancasan-Ingsun wus tumeka, Ingsun walik[1196] sarta Ingsun udani watu,[1197] barang kang wus *pinancasan*,[1198] tumaruntun.

Ut. *tinulis*

فَلَمَّا جَآءَ اَمۡرُنَا جَعَلۡنَا عَالِيَهَا سَافِلَهَا وَ اَمۡطَرۡنَا عَلَيۡهَا حِجَارَةً مِّنۡ سِجِّيۡلٍ مَّنۡضُوۡدٍ ﴿۸۲﴾

83 Tinengeran (minangka siksa) ing ngarsaning Pangéranira; lan iku ora adoh saka para kang padha atindak dudu.[1199]

مُّسَوَّمَةً عِنۡدَ رَبِّكَ ؕ وَ مَا هِيَ مِنَ الظّٰلِمِيۡنَ بِبَعِيۡدٍ ﴿۸۳﴾

RUKU' 8

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Syu'aib

84-93. Nabi Syu'aib anggelaraken wulang dipun mengsahi sarta apèpènget. 94, 95. Siksa andhawahi titiyang.

84 Lan marang Madyan (Ingsun angutus) saduluré, Syu'aib.[a] Calathuné: É, Umatku! padha ngawulanana Allah, kowé padha ora duwé sesembahan saliyané Panjenengané, sarta aja padha angurangi ukuran lan timbangan; sayekti pandelengku kowé iku padha *gemah ripah*, lan sayekti aku iku nguwatiraké kowé marang siksaning dina kang anglimputi:

Ut. *becik*

وَ اِلٰی مَدۡيَنَ اَخَاهُمۡ شُعَيۡبًا ؕ قَالَ يٰقَوۡمِ اعۡبُدُوا اللّٰهَ مَا لَكُمۡ مِّنۡ اِلٰهٍ غَيۡرُهٗ ؕ وَ لَا تَنۡقُصُوا الۡمِكۡيَالَ وَ الۡمِيۡزَانَ اِنِّيۡۤ اَرٰىكُمۡ بِخَيۡرٍ وَّ اِنِّيۡۤ اَخَافُ عَلَيۡكُمۡ عَذَابَ يَوۡمٍ مُّحِيۡطٍ ﴿۸۴﴾

1196. Lindhu ageng, punika ingkang nyirnakaken babar pisan kitha-kitha, ngantos kados dipun walik grembyang. Ing 15: 73 siksa punika sinebut *shaihah*, jawinipun *suwanten gumuruh* ing sadèrèngipun wonten lindhu. Mirsanana 918. Cacriyosan-cacriyosan ingkang nyariyosaken bilih malaikat Jibril nginggahaken kitha-kitha wau dhateng langit lajeng dipun dhawahaken mangandhap, punika cacriyosan ingkang babar pisan boten wonten watonipun.

1197. Jawah séla punika saged ugi margi saking panjeblugipun redi latu ingkang sinartan lindhu. Mirsanana 918.

1198. Tembung *sijjil* punika tembung Arab tulen, dados sanès kelanturipun tembung Persi *sang-i-gil*, kados pangintenipun sawenèh tiyang ahli basa. Tembung *sijjil* punika asal saking tembung *sajala*, tegesipun: *ngesokaken* (toya). Saking tembung punika lajeng karimbag dados pinten-pinten warni kados adatipun ing basa Arab. Upaminipun, tembung kriya *sajjala*, jawinipun: *nyerat wonten ing dalancang* utawi *wonten ing serat gulungan*, utawi *mancasi manut kukum*; *sajalabu*, jawinipun: *ngejori piyambakipun ing sawenèh prakawis*; aslinipun tumrap mendhet toya, *asjalahu*, jawinipun *ngebaki timba*; *insajala*, jawinipun: (*toya*) *gumrojog*; déné tembungipun aran, kadosta *sijill* ateges *seratan* utawi *gulungan*, *sajl* ateges *timba ageng kebak toya* tuwin sanès-sanèsipun (LL). Cocog kaliyan tegesipun ingkang asli nyerat, tembung *sijjil* punika ateges *barang ingkang sampun sinerat* utawi *sampun pinancasan tumrap piyambakipun* (Q-LL), utawi miturut anggènipun negesi AO *kathah tuwin atos* (LL).

1199. Kados déné tuladha ingkang sampun, wekasaning dhawuh punika wangsul dhateng rembag bab prakawis pidananipun para titiyang Makkah ingkang sami mengsahi ing Kanjeng Nabi Suci.

85 Lan, o, umatku! padha angganepana ukuran lan timbangan kalawan jejeg, sarta aja padha amitunani wong-wong ing barang barangé tuwin aja atindak rusuh ing bumi, agawé wisuna:

وَيَٰقَوْمِ أَوْفُوا الْمِكْيَالَ وَالْمِيزَانَ بِالْقِسْطِ وَلَا تَبْخَسُوا النَّاسَ أَشْيَاءَهُمْ وَلَا تَعْثَوْا فِي الْأَرْضِ مُفْسِدِينَ ﴿٨٥﴾

86 Apa kang dumunung ing Allah iku luwih becik tumrap ing kowé, manawa kowé iku padha wong angèstu, lan aku iku dudu juru-rumeksa marang kowé.[1200]

بَقِيَّتُ اللَّهِ خَيْرٌ لَّكُمْ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ۚ وَمَا أَنَا عَلَيْكُم بِحَفِيظٍ ﴿٨٦﴾

87 Dhèwèké padha calathu: O, Syu'aib! apa salatmu iku maréntahi kowé, supaya aku padha ninggala apa kang padha disembah bapak-bapakku, utawa supaya tumrap bandhaku aku ora padha tumindak sakarepku? Sayekti kowé iku temen wong momot, wong burus.

قَالُوا يَا شُعَيْبُ أَصَلَاتُكَ تَأْمُرُكَ أَن نَّتْرُكَ مَا يَعْبُدُ آبَاؤُنَا أَوْ أَن نَّفْعَلَ فِي أَمْوَالِنَا مَا نَشَاءُ ۖ إِنَّكَ لَأَنتَ الْحَلِيمُ الرَّشِيدُ ﴿٨٧﴾

88 Calathuné: O, umatku! kapriyé panimbangmu, manawa aku kadunungan bukti terang saka ing Pangéranku, sarta Panjenengané angrijekèni aku saka Sariranė, rijeki kang becik; sarta ora pisan aku duwéa karep, yèn anggonku anyulayani kowé iku, arep marani apa kang dak cegahaké ing kowé; ora liya karepku kajaba mung ambecikaké apa sakuwasaku; lan ora liya, pitulung kalaksananė becik prakaraku iki, kajaba ana ing Allah; ing Panjenenganė suméndhéku sarta marang Panjenenganė anggonku adhedhépé:

قَالَ يَا قَوْمِ أَرَأَيْتُمْ إِن كُنتُ عَلَىٰ بَيِّنَةٍ مِّن رَّبِّي وَرَزَقَنِي مِنْهُ رِزْقًا حَسَنًا ۚ وَمَا أُرِيدُ أَنْ أُخَالِفَكُمْ إِلَىٰ مَا أَنْهَاكُمْ عَنْهُ ۚ إِنْ أُرِيدُ إِلَّا الْإِصْلَاحَ مَا اسْتَطَعْتُ ۚ وَمَا تَوْفِيقِي إِلَّا بِاللَّهِ ۚ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَإِلَيْهِ أُنِيبُ ﴿٨٨﴾

1200. *Baqiyyatullâh* punika ingkang langkung ceples dipun tegesi *péranganing tindakipun manusa ingkang taksih dumunung wonten ing Allah, inggih punika tindak tulus utawi utami ingkang ganjaranipun langgeng*. Dados tembung punika tegesipun sami kaliyan tembung bâqiyat ing 18: 46 tuwin ing 19: 76. Rgh tuwin TA milih teges punika. Nanging tembung punika ugi kénging dipun tegesi *barang ingkang sampun dipun lilakaken déning Allah dhateng manusa ing sasampunipun manusa nglunasi sambutanipun dhateng ngasanès*.

89 Lan manèh, o, umatku! panulak marang aku iku aja nganti andadèkaké kowé padha atindak dosa, mundhak kowé bakal padha nandhang padhané sapanandhangé umaté Nuh,[a] utawa umaté Hud[b] utawa umaté Salih[c] lan ora pisan umaté Luth[d] iku adoh saka ing kowé:

وَيٰقَوْمِ لَا يَجْرِمَنَّكُمْ شِقَاقِيْٓ اَنْ
يُّصِيْبَكُمْ مِّثْلُ مَآ اَصَابَ قَوْمَ نُوْحٍ اَوْ
قَوْمَ هُوْدٍ اَوْ قَوْمَ صٰلِحٍ ۗ وَمَا قَوْمُ
لُوْطٍ مِّنْكُمْ بِبَعِيْدٍ ﴿٨٩﴾

a. 902
b. 919
c. 915
d. 918

90 Sarta padha nyuwuna ngapura Pangéranmu, tumuli padha tobata marang Panjenengané; sayekti Pangéranku iku Mahaasih, Sutresna.

وَاسْتَغْفِرُوْا رَبَّكُمْ ثُمَّ تُوْبُوْٓا اِلَيْهِ ۗ
اِنَّ رَبِّيْ رَحِيْمٌ وَّدُوْدٌ ﴿٩٠﴾

91 Padha calathu: É, Syu'aib! aku padha ora mangerti marang apa calathumu kang akèh-akèh iku, lan sayekti, panyawangku, ana ing golonganku kéné, kowé iku temen apes, lan aja angèlingi kulawangsamu amasthi kowé wis dak bandhemi watu, lan mangsa menanga kowé nglawan aku.

قَالُوْا يٰشُعَيْبُ مَا نَفْقَهُ كَثِيْرًا مِّمَّا تَقُوْلُ
وَاِنَّا لَنَرٰىكَ فِيْنَا ضَعِيْفًا ۚ وَلَوْلَا رَهْطُكَ
لَرَجَمْنٰكَ ۖ وَمَآ اَنْتَ عَلَيْنَا بِعَزِيْزٍ ﴿٩١﴾

92 Calathuné: O, umatku! apa kulawangsaku iku ingatasé kowé luwih aji tinimbang Allah? lan kowé padha anganggep sapélé Panjenengané, kosingkur; sayekti Pangéranku iku anglimputi sabarang panggawému.

قَالَ يٰقَوْمِ اَرَهْطِيْٓ اَعَزُّ عَلَيْكُمْ مِّنَ اللّٰهِ ۗ
وَاتَّخَذْتُمُوْهُ وَرَاۤءَكُمْ ظِهْرِيًّا ۗ اِنَّ
رَبِّيْ بِمَا تَعْمَلُوْنَ مُحِيْطٌ ﴿٩٢﴾

93 Lan manèh, o, umatku! padha tumindaka ing sabisa-bisamu, aku dhéwé iya daktumindak; kowé bakal énggal padha weruh, sapa kang bakal katekan siksa kang angasoraké awaké, lan sapa sing wong goroh, lan padha angawasana, sayekti aku iki iya angawasaké, barenganmu.

وَيٰقَوْمِ اعْمَلُوْا عَلٰى مَكَانَتِكُمْ اِنِّيْ عَامِلٌ ۗ
سَوْفَ تَعْلَمُوْنَ ۙ مَنْ يَّأْتِيْهِ عَذَابٌ
يُّخْزِيْهِ وَمَنْ هُوَ كَاذِبٌ ۗ وَارْتَقِبُوْٓا
اِنِّيْ مَعَكُمْ رَقِيْبٌ ﴿٩٣﴾

94 Lan bareng pancasan-Ingsun wus tumeka, Ingsun anyalametaké Syu'aib sarta kancané kang padha angèstu kalawan wilasa saka Panjenenganingsun, sarta swara gumludhug anyerang para kang padha atindak dudu, temahan dhèwèké padha dadi awak kang tanpa mosik ana ing omahé,[a]

وَلَمَّا جَآءَ أَمْرُنَا نَجَّيْنَا شُعَيْبًا وَّالَّذِينَ آمَنُوا مَعَهُ بِرَحْمَةٍ مِّنَّا وَأَخَذَتِ الَّذِينَ ظَلَمُوا الصَّيْحَةُ فَأَصْبَحُوا فِي دِيَارِهِمْ جٰثِمِينَ ﴿٩٤﴾

a. 920

95 Kaya-kaya ing iku dhèwèké ora tau angenggoni; o, sayekti lebur Madyan, kaya leburé Tsamud.

كَأَن لَّمْ يَغْنَوْا فِيهَا ۗ أَلَا بُعْدًا لِّمَدْيَنَ كَمَا بَعِدَتْ ثَمُودُ ﴿٩٥﴾

RUKU' 9

Pamidana dhateng tiyang awon punika angger-anggering Pangéran

96-102. Tindak dédé punika ingkang anjalari dhumawahing pidana dhateng Fir'aun. 103-105. Para ingkang mengsahi Kanjeng Nabi Suci inggih anemahi makaten. 106, 107. Pidana punika perlunipun kanggé andandosi, sarta boten langgeng. 108. Para tiyang ingkang tulus nampi pradana ingkang tanpa pedhot 109. Para titiyangipun ing Makkah badhé nampi pidana.

96 Lan sayekti temen Ingsun wus angutus Musa kalawan timbalan-timbalan Ingsun sarta wisésa kang cetha.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مُوسٰى بِاٰيٰتِنَا وَسُلْطٰنٍ مُّبِينٍ ﴿٩٦﴾

97 Marang Fir'aun sarta para panggedhé-panggedhéné, ananging iki padha manut paréntahing Fir'aun, lan ora pisan paréntahing Fir'aun iku tuturutan bener.

إِلٰى فِرْعَوْنَ وَمَلَا۟ئِهِ فَاتَّبَعُوٓا أَمْرَ فِرْعَوْنَ ۚ وَمَآ أَمْرُ فِرْعَوْنَ بِرَشِيدٍ ﴿٩٧﴾

98 Ana ing dina kiyamat dhèwèké bakal *angirid* golongané, sarta padha digiring marang geni: lan ala *papanthan kang* digiring iku!

Ar. *ama-ngarepi*

Ut. *panggo-nané kang padha*

يَقْدُمُ قَوْمَهُ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فَأَوْرَدَهُمُ النَّارَ ۖ وَبِئْسَ الْوِرْدُ الْمَوْرُودُ ﴿٩٨﴾

99 Lan ana ing (donya) iki sarta ing dina kiyamat dhèwèké padha dielud ing wewelak: ala paparing kang bakal pinaringaké!

وَأُتْبِعُوا فِي هٰذِهِ لَعْنَةً وَّيَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۚ بِئْسَ الرِّفْدُ الْمَرْفُودُ ﴿٩٩﴾

100 Iki sawenèhing pawarta (katemahaning) kutha-kutha, kang Ingsun caritakaké marang sira; sawenèhé ana kang ngadeg lan (sawenèhé) ana kang *rubuh*.

Ar. *(kaya) dierit*

ذٰلِكَ مِنْ اَنْۢبَآءِ الْقُرٰى نَقُصُّهٗ عَلَيْكَ
مِنْهَا قَآئِمٌ وَّحَصِيْدٌ ﴿١٠٠﴾

101 Lan ora pisan Ingsun anganiaya dhèwèké, balik dhèwèké kang padha anganiaya marang awaké dhéwé; lah para sesembahané kang padha disambat-sebuti, saliyané Allah, ora pisan makolèhi apa-apa ing dhèwèké, samangsa pancasané Pangéranira wus tumeka; lan *mung padha muwuhi* karusakané.

Ar. *ora padha muwuhi apa-apa ing dhèwèké saliyané*

وَمَا ظَلَمْنٰهُمْ وَلٰكِنْ ظَلَمُوْٓا اَنْفُسَهُمْ
فَمَآ اَغْنَتْ عَنْهُمْ اٰلِهَتُهُمُ الَّتِيْ يَدْعُوْنَ
مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مِنْ شَيْءٍ لَّمَّا جَآءَ اَمْرُ
رَبِّكَ ۗ وَمَا زَادُوْهُمْ غَيْرَ تَتْبِيْبٍ ﴿١٠١﴾

102 Lan kaya mangkono iku pidanané Pangéranira nalika amidanani kutha-kutha, kang padha atindak dudu; sayekti pidana-Né iku anglarani, keras.

وَكَذٰلِكَ اَخْذُ رَبِّكَ اِذَآ اَخَذَ الْقُرٰى
وَهِيَ ظَالِمَةٌ ۗ اِنَّ اَخْذَهٗٓ اَلِيْمٌ شَدِيْدٌ ﴿١٠٢﴾

103 Sayekti, ing jeroné iku temen ana tandha tumrap sapa kang wedi ing siksa akhirat; iki dina enggon kaimpuning para manusa, sarta iki dina adeging pasaksi.

اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّمَنْ خَافَ عَذَابَ
الْاٰخِرَةِ ۗ ذٰلِكَ يَوْمٌ مَّجْمُوْعٌ ۙ لَّهُ النَّاسُ
وَذٰلِكَ يَوْمٌ مَّشْهُوْدٌ ﴿١٠٣﴾

104 Lan iku ora pisan Ingsun sumenèkaké, kajaba tumeka mangsa kang wus tinamtu.

وَمَا نُؤَخِّرُهٗٓ اِلَّا لِاَجَلٍ مَّعْدُوْدٍ ﴿١٠٤﴾

105 Ing dina kang bakal tumeka, ora ana jiwa sawiji caturan, kajaba kalawan idin Panjenengané, lah sawenèhé padha cilaka sarta (sawenèhé) padha begja.

يَوْمَ يَأْتِ لَا تَكَلَّمُ نَفْسٌ اِلَّا بِاِذْنِهٖ ۚ
فَمِنْهُمْ شَقِيٌّ وَّسَعِيْدٌ ﴿١٠٥﴾

106 Wondéné para kang padha cilaka, lah bakal padha ana ing jero geni, ana ing kono bakal padha kadunungan pangadhuh lan panjerit;

فَاَمَّا الَّذِيْنَ شَقُوْا فَفِى النَّارِ لَهُمْ فِيْهَا
زَفِيْرٌ وَّشَهِيْقٌ ﴿١٠٦﴾

107 Padha manggon ing kono sasuwéné langit-langit lan bumi isih, kajaba apa karsané Pangéranira; sayekti Pangéranira iku Ingkang-Mahabisa-Anindakaké marang apa kang dikarsakaké.[1201]

خٰلِدِيْنَ فِيْهَا مَا دَامَتِ السَّمٰوٰتُ وَ
الْاَرْضُ اِلَّا مَا شَآءَ رَبُّكَ ۭ اِنَّ رَبَّكَ
فَعَّالٌ لِّمَا يُرِيْدُ ﴿١٠٧﴾

1201. Wawangen dangunipun manggèn wonten ing naraka – *kajaba apa karsané Pangéranira* – punika wonten ing Quran Suci kasebutaken ambal kaping kalih, inggih punika ing ngriki tuwin ing 6: 129. Punika anedahaken kalayan terang bilih siksa ing naraka punika boten langgeng. Manawi kacundhukaken kaliyan ayat sambetipun, saya langkung terang malih. Ing ayat sambetipun wau ugi katerangaken bilih tiyang ingkang wonten ing suwarga punika inggih badhé manggèn wonten ing ngriku sadangunipun langit-langit lan bumi taksih; nanging punika lajeng katungka kasambetan ing katerangan: *paparing kang tanpa ana pedhoté,* dados nedahaken bilih sajatosipun langgengipun suwarga punika tanpa wonten watesipun, déné dhawuh: *kajaba apa karsané Pangéranira,* punika namung kanggé medharaken panguwaos saha kaagunganipun Pangéran ingkang atanpa wates. Nanging ingkang tumrap naraka, dhawuh *kajaba apa karsané Pangéranira*, punika kasambetan pratélan ingkang ngiyataken wawangen ingkang sampun kadhawuhaken, awit tembung *fa'âl* makaten manawi dados sifatipun Pangéran, anedahaken bilih Panjenenganipun kepareng nindakaken barang-barang, sanajan ingkang tumrap ngasanès katingal langka. Déné tembung *fa'il* punika rimbagan saking tembung *fa'il* (jawinipun *kang nindakaké*) ingkang dipun sangetaken (para masastra Arab namakaken: *amtsilatu-l-mubâligh. Ingkang anjawèkaken*). Dados dhawuh ingkang sami ungelipun, tumrap prakawis warni kalih, lajeng kasambetan ing pratélan ingkang béda sanget, punika anedahaken bilih dhawuh الا ماشآء ربك tumrap prakawis warni kalih wau mengku suraos ingkang boten sami. Ingkang tumrap naraka, dados wawangen saèstu, jalaran Gusti Allah punika Ingkang-Mahasaged Anindakaken, ingkang anindakaken sabarang rèh ingkang dados kaparenging karsa-Nipun, nadyan tumrap manusa katingalipun langka. Nanging ingkang tumrap suwarga, boten dados wawangening kalanggenganipun, jalaran punika paparing kang tanpa ana pedhoté, wangsul punika namung kanggé amedharaken kaagunganipun Pangéran.

Hadits pangandika Nabi Suci kathah ingkang kénging kanggé bukti leresipun katerangan kasebut ing nginggil. Upaminipun kémawon, salah satunggaling hadits-hadits punika, ingkang kasebut wonten ing salah satunggaling kitab hadits ingkang kénging pinitados sanget, ing wekasaning dhawuh hadits wonten ingkang mungel makaten: "Allah banjur bakal angandika mangkéné: Para malaikat sarta para nabi lan para susetya kabèh padha genti-genti mitulungi para wong dosa, lan saiki kang ana ing kono kari wong kang ora ana manèh kang bisa mitulungi kajaba mung Ingkang-Mahaasih. Mulané Panjenengané iya bakal mundhut sacawuk saka geni sarta angwetokaké *wong-wong kang padha durung tau nindakaké kabecikan babar pisan*" (Mus). Ing Kanzu-l-'Ummal ugi nyebutaken hadits: "Sayekti bakal teka dinané ing naraka samangsa iku bakal dadi kaya déné sawah kang garing ing sawusé loh-jinawi ing sawatara mangsa." Wonten malih: "Sayekti bakal teka dinané ing naraka kang ing kono bakal ora ana manèh wong siji-sijia" (jilid VII kaca 245). Wonten malih pangandikanipun Bagéndha 'Umar ingkang kasebut wonten ing riwayat (mirsanana Fathu-l-Bayan, Fathu-l-Bari, Durri Mantsur tuwin Hadi-l-Arwahipun Ibni Qayyim): "Nadyan kang dumunung ing naraka iku akèh nganthi kaya déné wedhi ing sagara wedhi, meksa bakal teka dinané samangsa dhèwèké bakal padha diwetokaké saka ing kono."

Taksih wonten saprakawis ingkang perlu katerangaken, inggih punika bab panganggénipun tembung *abad* (ingkang limrahipun dipun tegesi *salami-laminipun*). Manggèn wonten ing naraka (*abadan*) punika kasebutaken wonten ing Quran Suci ambal kaing tiga, inggih punika ing 4: 169, 33: 65, tuwin ing 72: 23. Ing tigang panggènan punika sadaya, tembung wau kula tegesi lawas (suwé banget), sarta nitik ingkang sampun katerangaken ing nginggil sajakipun teges punika kados sampun leres. Kedah dipun èngeti bilih tembung *abad* punika ateges: *lami* (LL), sami kaliyan tembung دهر طويل (Mgh), utawi kados anggènipun negesi TA, الدهر الطويل الذى ليس بمحدود jawinipun: mangsa suwé kang ora ana watesé. *Abad* ugi ateges wekdal (kalayan mengku suraos *walaka*,

108 Déné para kang padha ginawé begja, lah bakal padha ing jeroning patamanan, padha manggon ing kono, sasuwéné langit-langit lan bumi isih, kajaba apa karsané Pangéranira: paparing kang tanpa ana pedhoté.[1202]

وَأَمَّا الَّذِينَ سُعِدُوا فَفِي الْجَنَّةِ خَالِدِينَ
فِيهَا مَا دَامَتِ السَّمَاوَاتُ وَالْأَرْضُ إِلَّا
مَا شَاءَ رَبُّكَ ۖ عَطَاءً غَيْرَ مَجْذُوذٍ ﴿١٠٨﴾

109 Mulané aja sira dumunung ing semang-semang tumrap apa kang padha sinembah iki; ora liya dhèwèké iku kajaba padha manembah kaya panembahané bapak-bapakné biyèn; lan sayekti, temen Ingsun bakal amituwasi ganep marang dhèwèké apa pandumé, tanpa nganggo sudan.

فَلَا تَكُ فِي مِرْيَةٍ مِمَّا يَعْبُدُ هَٰؤُلَاءِ ۚ
مَا يَعْبُدُونَ إِلَّا كَمَا يَعْبُدُ آبَاؤُهُمْ
مِنْ قَبْلُ ۚ وَإِنَّا لَمُوَفُّوهُمْ نَصِيبَهُمْ
غَيْرَ مَنْقُوصٍ ﴿١٠٩﴾

RUKU' 10

Para angèstu kedah sami anyingkiri awon

110-113 Para angèstu sampun ngantos tumiyung dhateng para atindak dédé. 114-117. Awon dipun singkiri, amargi wisunanipun masthi awon. 118, 119. Bédanipun boten kénging dipun icali. 120. Cariyos lalampahan para Nabi ingkang rumiyin-rumiyin kaparingakεn minongka panglipur. 121-123. Kedah dipun entosi kados pundi kawusananipun.

110 Lan sayekti temen Ingsun wus amaringi kitab marang Musa, ananging sing ditindakaké amila-

وَلَقَدْ آتَيْنَا مُوسَى الْكِتَابَ فَاخْتُلِفَ فِيهِ ۗ

boten winatesan) utawi *wekdal ingkang tanpa wonten telasipun*; dados asuraos langgeng. Nanging teges satunggalipun wau wonten ing kapustakan Arab ugi dipun anggé, mila wonten *jama'*-ipun puna-pa, inggih punika *âbâd*. Lah saupami tembung wau namung mligi ateges *langgeng* thok, yekti tanpa teges mawi wonten jamanipun punapa wau. Rgh ugi suka ular-ular bab prakawis teges satunggalipun wau (inggih punika bilih *abad* punika ateges *lami*), awit panjenenganipun nerangaken تابد الشئ ateges *barang lastantun wontenipun ngantos abad*, sarwi anerangaken ويعبر به عما يبقى مدة طويلة inggih punika *tembung wau ugi dipun anggé nembungaken barang ingkang lastantun wontenipun ngantos lami*. Quran terang manawi ngagem teges punika, tandhanipun ing 78: 23 kasebutaken bilih para titiyang kafir sami badhé manggèn wonten ing naraka *ahqâb* inggih punika *ngantos dangu sanget*. Déné tembung *ahqâb* punika *jama'*-ipun tembung *huqbah* ingkang jawinipun pitungdasa utawi wolungdasa taun (mirsanana 2645). Manawi *abad* tumrapipun naraka punika ateges *langgeng*, jekti tembung *ahqâb* boten dipun agem. Awit saking punika ingkang leres tembung wau dipun tegesi: *lawas*. Dados, Quran nulak pangandel bilih naraka punika langgeng.

1202. Kula aturi mirsani katranganing ayat nginggilipun, ing ngriku dhawuh: *kajaba apa karsané Pangéranira* punika katerangaken kanthi panjang. Cocok kaliyan ingkang kadhawuhaken ing ngriki, inggih punika bilih gesang kasuwargan punika paparing ingkang tanpa wonten pedhotipun, ing 15: 48 kadhawuhaken: "Sarta ora bakal padha diwetokaké saka ing kono."

wani ing jeroné;[1203] lan lamun sabda saka Pangéranira oraa wus
a. 1120 (dhumawuh) andhisiki,[a] amasthi prakara ing antarané dhèwèké wis kapancasan; lan sayekti dhèwèké iku temen padha dumunung ing semang kang anguwatiri.

وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِنْ رَّبِّكَ لَقُضِيَ بَيْنَهُمْ ۚ وَإِنَّهُمْ لَفِي شَكٍّ مِّنْهُ مُرِيبٍ ﴿١١٠﴾

111 Lan sayekti Pangéranira temen bakal amituwasi ganep marang sakèhing panggawéné; sayekti Panjenengané iku waspada marang sabarang kang padha dilakoni.

وَإِنَّ كُلًّا لَّمَّا لَيُوَفِّيَنَّهُمْ رَبُّكَ أَعْمَالَهُمْ ۚ إِنَّهُ بِمَا يَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ﴿١١١﴾

112 Mulané ditetep ngambah dalan bener kaya kang wus dipa-réntahaké marang sira, lan (mang-kono uga) sapa-sapa sartanira kang tobat (maring Allah); sarta aja padha lacut (o, para manusa!), sayekti Panjenengané iku amirsani sabarang kang padha sira lakoni.

فَاسْتَقِمْ كَمَآ أُمِرْتَ وَمَنْ تَابَ مَعَكَ وَلَا تَطْغَوْا ۚ إِنَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿١١٢﴾

113 Sarta aja padha tumiyung marang para kang padha atindak dudu, mundhak geni angenani sira, lan ora pisan sira duwé panga-yoman saliyané Allah, satemah sira ora bakal padha tinulungan.[1204]

وَلَا تَرْكَنُوٓا إِلَى الَّذِينَ ظَلَمُوا فَتَمَسَّكُمُ النَّارُ ۙ وَمَا لَكُمْ مِّنْ دُونِ اللّٰهِ مِنْ أَوْلِيَآءَ ثُمَّ لَا تُنْصَرُونَ ﴿١١٣﴾

114 Lan anjumenengna salat ing rong péranganing raina sarta ana ing wiwitaning wengi; sayekti panggawé becik iku ambirat pang-gawé ala; iki pépéling tumrap para kang padha angalap éling.[1205]

وَأَقِمِ الصَّلٰوةَ طَرَفَيِ النَّهَارِ وَزُلَفًا مِّنَ الَّيْلِ ۚ إِنَّ الْحَسَنٰتِ يُذْهِبْنَ السَّيِّاٰتِ ۚ ذٰلِكَ ذِكْرٰى لِلذّٰكِرِينَ ﴿١١٤﴾

1203. *Ikhtalafa* ugi ateges *khâlafa*, inggih punika: *tumindaka nulayani*, utawi *boten nocogi* (kateranganipun ingkang panjang kula aturi mirsani 212A).

1204. Tiyang punika boten namung dipun awisi atindak dédé kémawon, nanging inggih ugi kedah sumingkir sampun ngantos tumiyung dhateng para titiyang ingkang duraka atindak dédé. Saèstu punika angger-anggering tindak ingkang awrat katindakaken, nanging kados pundi malih, namung satunggal punika ingkang saged rumeksa piyambakipun lastantun tulus.

1205. Kalayan cetha wekdalipun sembahyang katerangaken wonten ing ayat punika. Boten nyata manawi kacariyosaken bilih tumurunipun ayat punika nalika jaman salat dèrèng katamtokaken

115 Lan di sabar, lah sayekti Allah iku ora bakal angilangaké pituwasé para kang padha atindak becik.

وَاصْبِرْ فَإِنَّ اللَّهَ لَا يُضِيعُ أَجْرَ الْمُحْسِنِينَ ﴿١١٥﴾

116 Lah yagéné para kulawangsa ing sadurungira ora ana kang kadunungan kadibyan,[1206] kang anyegah agawé wisuna ing bumi, kajaba mung sathithik, sawenèhé para kang padha Ingsun salametaké? Lah para kang padha atindak dudu padha amburu barang, kang ing kono dhèwèké disludhah kasenengané, lan dhèwèké iku padha wong duraka.

فَلَوْلَا كَانَ مِنَ الْقُرُونِ مِنْ قَبْلِكُمْ
أُولُوا بَقِيَّةٍ يَنْهَوْنَ عَنِ الْفَسَادِ فِي
الْأَرْضِ إِلَّا قَلِيلًا مِمَّنْ أَنْجَيْنَا مِنْهُمْ ۚ
وَاتَّبَعَ الَّذِينَ ظَلَمُوا مَا أُتْرِفُوا فِيهِ
وَكَانُوا مُجْرِمِينَ ﴿١١٦﴾

117 Lan ora mungguh tumrapé Pangéranira yèn anglebura kuthakutha *karana piandel kang luput* kang mangka wongé padha wong atindak becik.[1207]

Ut. *kalawan panganiaya*

وَمَا كَانَ رَبُّكَ لِيُهْلِكَ الْقُرَىٰ بِظُلْمٍ
وَأَهْلُهَا مُصْلِحُونَ ﴿١١٧﴾

---

wancinipun. Salat punika kedah katindakaken ing kalih péranganing raina tuwin ing wiwitaning dalu. Salat ing péranganing raina ingkang sapisan, punika salat *fajr*, inggih punika ing wanci gagat-bangun sadèrèngipun malethèk surya. Salat ing péranganing raina ingkang kaping kalih, punika salat *dzuhur*, ing wanci luhur, tuwin salat ‘*ashr* ing wanci ngasar. Déné salat ing wiwitaning dalu, punika salat *magrib*, ing sasampunipun serap surya tuwin salat *‘isya’*, ing wanci ngisa sadèrèngipun mapan tilem. Salat dzuhur lan salat ‘ashr, tuwin salat magrib lan salat ‘isya’, ingkang kadhawuhaken sareng wau, wonten ing sawenèh kawontenan ingkang tartamtu kénging katindakaken sapisan sareng. Perlu ugi dipun pèngeti, bilih nadyan tembung *tharf* punika ateges: wekasan utawi poncot, nanging ugi gadhah teges malih *sapérangan* utawi *sabagéaning* satunggaling barang (sami kaliyan tembung *thâifah*) (S, O, Q-LL), sarta kanggènipun tumrap badan utawi barang-barang wadhag tuwin wekdal lan sanès-sanèsipun (Rgh, TA-LL). Milanipun ingkang kula anggé negesi *rong péranganing* (raina), boten *rong wekasané*, awit tumrap ing ngriki boten cocog.

1206. Ing dalem ukara *ulû-baqiyyah*, tembung *baqiyyah* punika dipun tegesi warni-warni. LL nglempakaken teges punika sadaya wonten ing artikel *baqiy*. Sawenèhipun kadosta: *tiyang ingkang sinung kalangkungan, utawi kaserenan èngetan lan kalantipan* (Bd), utawi *tiyang ingkang gadhah akal* (Q, TA), *tuwin budi* (TA), utawi *tiyang ingkang ambangun-turut* (TA), utawi *gadhah sisifatan rumeksa badanipun piyambak* (Az, Bd, Q) *saking siksa*.

1207. *Dzulm* ing ngriki ateges *pangandel ingkang lepat*, béda kaliyan lepating panindak. Mèh sadaya para mufassirin sami sarujuk negesi tembung wau tumrap ing ngriki: *syirk* utawi *nyakuthokaken* (Rz, Bd, JB). Ingkang kathah-kathah, manawi Quran Suci mangandikakaken siksaning Pangéran saha benduning Pangéran ingkang andhawahi manusa ing ngalam donya punika, punika margi saking anggènipun sampun sami kesangeten, utawi margi saking anggènipun sami atindak duraka, utawi margi saking anggènipun tumindak murang yekti utawi murang kasusilaan ingkang sakalangkung sanget, dados boten margi saking pangandelipun ingkang lepat utawi klèntu, ingkang saged ugi taksih sinartan ing pandamel saé. Prakawis punika wonten ing ngriki kapangandikakaken kalayan cetha. Perlu dipun pèngeti, bilih tembung *dzulm*, ingkang kathah-kathahipun kula jarwani *tindak dédé*, punika mengku teges kang sakalangkung wiyar sanget. Rgh nerangaken sawarnining tegesipun tembung *dzulm* wau,

118 Lan yèn ta Pangéranira angarsakna, Panjenengané amasthi wus andadèkaké manusa dadi umat siji, ananging tansah padha séjé-séjé.[1208]

وَلَوْ شَآءَ رَبُّكَ لَجَعَلَ النَّاسَ اُمَّةً وَّاحِدَةً وَّلَا يَزَالُوْنَ مُخْتَلِفِيْنَ ﴿۱۱۸﴾

119 Kajaba sapa-sapa kang olèh wilasané Pangéranira, lan karana iku anggoné Panjenengané anitahaké dhéwékè;[1209] lan wus kalaksanan sabdaning Pangéran: Sayekti naraka bakal Dakisèni kumpuling jin lan manusa.[1210]

اِلَّا مَنْ رَّحِمَ رَبُّكَ ؕ وَلِذٰلِكَ خَلَقَهُمْ ؕ وَتَمَّتْ كَلِمَةُ رَبِّكَ لَاَمْلَـَٔنَّ جَهَنَّمَ مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ اَجْمَعِيْنَ ﴿۱۱۹﴾

120 Lan sarupané pawartané para utusan kang Ingsun caritakaké marang sira, iku minangka saranané aneguhaké atinira; lan ing sajroné iki, kasunyatan lan pitutur wus tumeka marang sira, sarta pépéling tumrap para angèstu.

وَكُلًّا نَّقُصُّ عَلَيْكَ مِنْ اَنْۢبَآءِ الرُّسُلِ مَا نُثَبِّتُ بِهٖ فُؤَادَكَ ۚ وَجَآءَكَ فِيْ هٰذِهِ الْحَقُّ وَمَوْعِظَةٌ وَّذِكْرٰى لِلْمُؤْمِنِيْنَ ﴿۱۲۰﴾

121 Lan calathua marang para kang angèstu: padha anindakna miturut kahananmu, sayekti aku iya padha anindakaké:

وَقُلْ لِّلَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ اعْمَلُوْا عَلٰى مَكَانَتِكُمْ ؕ اِنَّا عٰمِلُوْنَ ﴿۱۲۱﴾

---

sarwi ngandika bilih *dzulm* punika wonten warni tiga: (1) *dzulm* antawisipun manusa lan Allah, déné ingkang ageng piyambak punika *kufr*, tuwin *syirk* inggih punika *nyakuthokaken*; mesthi kémawon punika mengku sawarnining pangandel ingkang lepat tumrap dhateng Pangéran; (2) *dzulm* antawisipun manusa kaliyan manusa, mengku sawarnining tindak murang kasusilan tuwin pandamel duraka bangsanipun nerak wewenanging ngasanès; (3) *dzulm* antawisipun manusa kaliyan awakipun piyambak, mengku sawarnining tindak lepat ingkang boten mitunani dhateng tiyang sanès nanging mitunani dhateng badanipun piyambak. Teges sanèsipun kasebutaken wonten ing margin.

1208. Tegesipun, manawi meksa manusa supados nganggé agami satunggal ingkang sampun tinamtu punika dados angger-anggering Pangéran, sayekti manusa punika sampun dados umat satunggal. Nanging manusa punika anggènipun katitahaken déning Pangéran, inggih kados wontenipun sapunika punika, tansah pasulayan, milanipun lajeng wonten sawenèhipun ingkang purun nampèni yakti lan wonten sawenèhipun ingkang angemohi.

1209. Lah ing ngriki kasebutaken kalayan cetha, bilih anggènipun manusa sadaya katitahaken déning Allah, punika supados sami angsala wilasanipun Pangéran. Kalayan wilasa-Nipun, Panjenenganipun anuntun sawenèhing manusa dhateng margi ingkang leres. Déné sawenèh manusa malih, ingkang tumiyung dhateng awon saha andadosaken badanipun piyambak pantes angsal naraka, angsalipun wilasa sasampunipun angsal pidana. Dados anggènipun manusa nandhang sangsara lan rekaos punika margi saking pandamelipun pi)ambak, déné Allah anggènipun paring wilasa, sarana angentasaken piyambakipun saking sangsara lan rekaos wau.

1210. Mijil saking sih-wilasa-Nipun, Allah anedahaken piyambakipun dhateng margi ingkang leres; nanging sami tumindak anulayani punika, milanipun piyambakipun kedah ngraosaken latu panglèlèran, supados sami resik saking awon tuwin saged nglajengaken kamajenganipun ruhani.

122 Sarta padha ngentènana, sayekti aku iya padha angentèni.	وَانْتَظِرُوْا ۚ اِنَّا مُنْتَظِرُوْنَ ﴿١٢٢﴾
123 Lan kagunganing Allah apa kang tan-katon ing langit-langit lan bumi, lan marang Panjenengané anggoné sakèh ing prakara bakal dibalèkaké; mulanè ngawulanana Panjenengané sarta suméndhéa marang Panjenengané, lan ora pisan Pangéranira iku léna ing sabarang kang padha kolakoni.	وَلِلّٰهِ غَيْبُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَاِلَيْهِ يُرْجَعُ الْاَمْرُ كُلُّهٗ فَاعْبُدْهُ وَتَوَكَّلْ عَلَيْهِ ۗ وَمَا رَبُّكَ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُوْنَ ﴿١٢٣﴾

ركوعاتها ١٢ سُورَةُ يُوسُفَ مَكِّيَّةٌ (١٢) اٰياتها ١١١

SURAT 12

YUSUF

(*Kanjeng Nabi Yusuf)*

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*12 ruku’, 111 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’ 1. Supenipun Kanjeng Nabi Yusuf.
Ruku’ 2. Paèkaning para sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf dhateng piyambakipun.
Ruku’ 3. Santosanipun Kanjeng Nabi Yusuf dhateng godha rencana.
Ruku’ 4. Kanjeng Nabi Yusuf kinunjara.
Ruku’ 5. Wonten ing kunjara Kanjeng Nabi Yusuf anggelaraken piwulang.
Ruku’ 6. Supènipun sang nata sarta pradikanipun Kanjeng Nabi Yusuf.
Ruku’ 7. Kanjeng Nabi Yusuf dipun luwari saking pandakwa sarta kasengkakaken ing ngaluhur.
Ruku’ 8. Kanjeng Nabi Yusuf amitulungi para sadhèrèkipun.
Ruku’ 9. Sadhèrèkipun wuragil Kanjeng Nabi Yusuf.
Ruku’ 10. Kanjeng Nabi Yusuf amedhar sajatosing sariranipun dhateng para sadhèrèk-sadhèrèkipun.
Ruku’ 11. Israil dhateng Mesir.
Ruku’ 12. Wuwulang tumrap para ingkang milawani Kanjeng Nabi ing dalem lalampahanipun para nabi ingkang rumiyin-rumiyin.

Namanipun saha ingkang kawarsitakaken

Surat punika kanamakaken mirid cariyos ingkang kaandharaken wonten ing ngriku. Sagembleng-ipun surat punika ngandharaken lalampahanipun Kanjeng Nabi Yusuf kalayan terus-terusan, namung tigang ayat ingkang wiwitan tuwin sa-ruku’ ingkang wekasan piyambak anedahaken maksud ingkang sumimpen wonten ing cariyos wau. Sajatosipun cariyos wau boten namung lugu cariyos, nanging wigatos mecakaken menangipun ingkang wekasan Kanjeng Nabi Suci, ingkang ugi kéndhang saking kitha panggènaning miyosipun, makaten ugi mecakaken telukipun babar pisan para ingkang sami damel upaya ngangkah sédanipun.

Surat punika ngrembag supena warni tiga, inggih punika (1) supenanipun satunggaling nabi (Kanjeng Nabi Yusuf), ingkang nedahaken badhé menangipun ingkang wekasan tuwin menangipun yakti ingkang kawulangaken (ayat 4 lan 100); (2) supenanipun satunggaling ratu, ingkang magepokan kaliyan prakawis pangudi murih karahayoning wadhag kawulanipun (ayat 43-49); (3) supenanipun tiyang limrah, ingkang magepokan kaliyan rekaosipun utawi kabegjanipun (ayat 36-41). Saya luhur maksuding supena, saya dangu anggèning kanyataan wahananipun; supenanipun Kanjeng Nabi Yusuf ngantos saumuring manusa, supenanipun sang nata kawanwelas taun, supenanipun tiyang limrah tumunten kémawon kanyataanipun wahananipun. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih Kanjeng Nabi angsal panglipur saking cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi Yusuf punika. Sarta rèhning sedya ingkang badhé kagayuh punika kalangkung déning agengipun – inggih punika ambangun bangsa Arab langkung rumiyin lajeng saindhenging bawana – milanipun Kanjeng Nabi inggih kalayan sabar anggènipun ngentos-entosi wutah gumelaripun èsti ingkang luhur wau, jalaran panjenenganipun uninga bilih boten kénging boten kelampahanipun punika ambetahaken wekdal ingkang radi sawatawis dangu.

RUKU' 1

Supenanipun Kanjeng Nabi Yusuf

1-3. Sabdanipun kawedhar. 4-6. Supenanipun Kanjeng Nabi Yusuf.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
1 Ingsun Allah, Ingkang amirsani.[a] Iki ayat-ayating Kitab, kang anyethakaké.	الٓرٰ تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ الْمُبِيْنِ ۗ ۝١
2 Sayekti anggon-Ingsun anurunaké iki – Quran basa Arab – iku supaya sira padha mangerti.	اِنَّآ اَنْزَلْنٰهُ قُرْءٰنًا عَرَبِيًّا لَّعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ۝٢

a. 1109

Gathuking suraosipun

Tumrap panataning urut-urutanipun surat, sasambetan surat punika kaliyan surat sanginggilipun sampun terang. Surat ingkang sampun ngrembag lalampahanipun para andika nabi sawatawis ingkang misuwur sarta ngrembag nasib ingkang kasandhang déning mengsah-mengsahipun. Punika mengku suraos piweca ingkang mecakaken bilih garapipun mengsah dhateng Kanjeng Nabi Suci, tuwin garapipun Kanjeng Nabi Suci dhateng mengsah-mengsahipun, punika langkung nyadhèrèk katimbang lan sikepipun Kanjeng Nabi Yusuf dhateng para sadhèrèkipun, awit garapipun mengsah dhateng Kanjeng Nabi namung tansah nandukaken panganiaya thok, tur ingkang sakalangkung déning sanget, wangsul Kanjeng Nabi dhateng mengsah-mengsahipun tansah ngapunten tanpa mawi nandukaken pidana sakedhik-kedhika punapa déné nyrawungi kalayan welas asih. Salajengipun cetha wekasaning dhawuh ing surat ingkang sampun, mangandikakaken bilih cariyosipun para utusan, punika *minangka saranané aneguhaké atinira* (11: 120). Kasebutaken kanthi cetha bilih surat punika katurunaken minangka panglipur dhateng Kanjeng Nabi salebetipun dipun kaniaya déning mengsah-mengsahipun (AH) tuwin minangka pangarem-arem dhateng panjenenganipun, nalika wekdal ingkang sakalangkung déning gawat keliwat-liwat piyambak ing salamining sugengipun sampun mèh dhateng, inggih punika kawontenan ingkang lajeng mahanani panjenenganipun kéndhang dhateng Madinah; rèhipun makaten, mila surat punika nama sampun mathis sanget dados sambetipun surat ingkang kaping sawelas.

Titimangsa tumurunipun

Wondéné bab tumurunipun surat punika, mèh sadaya pamanggih sarujuk amastani bilih ing sagemblengipun tumurun wonten ing Makkah. Panginten bilih ayat 1 dumugi 3 katurunaken ing Madinah, punika boten perlu dipun gatosaken, jalaran ayat-ayat wau sampun genah perlu dipun anggé ambubukani surat punika, sarta wonten watonipun manawi dipun anggepa bilih tumurunipun punika nalika mèh ngajengaken jengkaripun Kanjeng Nabi dhateng Madinah. Makaten punika pamanggihipun Imam Sayuti; ing antawisipun para juru niti-priksa bangsa Éropa, tuwan Weil, ingkang gadhah pamanggih makaten punika. Sampun boten kénging pinaiben malih bilih nalika Kanjeng Nabi ambedhah nagari Makkah, nalika panjenenganipun ngapunten mengsah-mengsahipun bubuyutan panjenenganipun nirokaken tetembungan kados ingkang kapangandikakaken déning Kanjeng Nabi Yusuf nalika ngapunten sadhèrèk-sadhèrèkipun. Dados sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih tumurunipun surat punika kagolong ing jaman, nalika mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi mempeng ngrencana panjenenganipun, awit bab punika kasebutaken kalayan terang wonten ing ayat 7.

3 Ingsun anerangaké marang sira kalawan becik-beciking katrangan[1211] asarana anggon-Ingsun amedharaké marang sira Quran iki, sanajan ta ing sadurungé iki sira iku temen éwoné wong kang padha ora anggraita.[1212]

نَحْنُ نَقُصُّ عَلَيْكَ أَحْسَنَ الْقَصَصِ بِمَآ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ هٰذَا الْقُرْاٰنَ ۖ وَإِنْ كُنْتَ مِنْ قَبْلِهٖ لَمِنَ الْغٰفِلِيْنَ ۝٣

4 Nalikané Yusuf calathu marang bapakné: O, bapak! saèstu kula sumerep lintang sawelas sarta surya tuwin rembulan – paningal kula, punika sami sujud dhateng kula.[1213]

إِذْ قَالَ يُوْسُفُ لِأَبِيْهِ يٰٓأَبَتِ إِنِّيْ رَأَيْتُ أَحَدَ عَشَرَ كَوْكَبًا وَّالشَّمْسَ وَالْقَمَرَ رَأَيْتُهُمْ لِيْ سٰجِدِيْنَ ۝٤

5 Calathuné: O, anakku! aja kok caritakaké impènmu iku marang

قَالَ يٰبُنَيَّ لَا تَقْصُصْ رُءْيَاكَ عَلٰٓى

1211. احسن القصص punika boten ateges bagus-bagusing cariyos, makaten ugi ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika inggih sanès cariyosipun Kanjeng Nabi Yusuf. *Qashash* punika lingganing tembung tanduk, saking tembung tanduk *qashsha*, tegesipun: *nyariyosaken* utawi *nerangaken* (LL). نحن نقص عليك احسن القصص katerangaken ing Q tuwin ing TA ateges: *Ingsun anerangaké marang sira kalawan becik-beciking katrangan*. Perlu dipun pèngeti bilih *jama'*-ipun tembung *qishshash* ingkang tegesipun *cariyos*, punika *qishash*, sanès *qashash* (LL). Kula aturi mirsani ugi para mufassir (Kf, Rz, JB), ingkang sami amastani bilih tembung wau lingganing tembung tanduk. Déné suraosipun dhawuh, wahyu Quran punika saged suka katerangan ingkang saé piyambak ing babagan kabetahanipun ruhani lan budi pakerti manusa, makaten ugi ing babagan badhé kawontenan sugengipun Kanjeng Nabi Suci.

1212. Ingkang "boten dipun graitani" déning Kanjeng Nabi punika bab prakawis ingkang magepokan kaliyan kawontenaning sariranipun ing wekdal ingkang badhé dhateng ingkang ing surat punika dipun sasmitakaken wonten ing sugengipun Kanjeng Nabi Yusuf; inggih punika: panjenenganipun badhé katundhung saking dalemipun, kados déné anggènipun Kanjeng Nabi Yusuf katundhung, nanging ing wekasanipun bangsanipun badhé sami sowan pasrah-bongkokan dhateng panjenenganipun, nyuwun pangapunten ing sakathahing kalepatanipun, kados lekasipun para sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf. Nalika bedhahipun nagari Makkah, nalika para titiyang Quraisy sami sowan ing Kanjeng Nabi nyuwun pangapunten ing dosanipun, Kanjeng Nabi nirokaken wangsulanipun Kanjeng Nabi Yusuf dhateng sadhèrèk-sadhèrèkipun makaten: لا تثريب عليكم اليوم (ayat 92). Lah punika anedahaken bilih wiwit ing sakawit mila cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi Yusuf punika mengku suraos makaten wau. Nanging "boten anggraita" ing ngriki punika saged ugi ingkang dipun karsakaken; sadaya prakawis ingkang kacariyosaken ing dalem Quran, awit sadèrèngipun katurunaken Kanjeng Nabi pancèn boten mangertos babar pisan. Bab punika ugi kasebutaken wonten ing 42: 52: "Lah kaya mangkono anggon-Ingsun wus amedharaké marang sira kitab kang kawahyokaké kalawan dhawuh-Ingsun. Sira ora ngreti Kitab iku apa, lan iya ora (ngreti) iman (iku apa), nanging iku Ingsun dadèkaké papadhang, Ingsun agem nuntun wong saka èwoné kawula-Ningsun endi kang Ingsun karsakaké."

1213. Kula aturi mirsani Purwaning Dumados 37: 9: "Aku teka ngimpi manèh, katoné srengéngé lan rembulan tuwin lintang sawelas padha tumungkul sujud marang aku." Kedah dipun pèngeti bilih ing ayat punika boten wonten punapa-punapa ingkang nedahaken bilih punika luyut.

sadulur-sadulurmu, mundhak padha agawé paéka marang kowé; sayekti sétan iku tumraping manusa mungsuh kang cetha.

إِخْوَتِكَ فَيَكِيدُوا لَكَ كَيْدًا ۖ إِنَّ الشَّيْطَانَ لِلْإِنسَانِ عَدُوٌّ مُّبِينٌ ٥

6 Lan kaya mangkono, Pangéranmu bakal amiji kowé lan mulang kowé prakara anerangaké wicara, sarta bakal anyampurnakaké nugraha-Né marang kowé lan marang tedhaké Ya'qub, kaya anggoné Panjenengané wus anyampurnakaké marang bapa-bapamu ing biyèn, Ibrahim lan Ishaq; sayekti Pangéranmu iku Angudanèni, Wicaksana.

وَكَذَٰلِكَ يَجْتَبِيكَ رَبُّكَ وَيُعَلِّمُكَ مِن تَأْوِيلِ الْأَحَادِيثِ وَيُتِمُّ نِعْمَتَهُ عَلَيْكَ وَعَلَىٰ آلِ يَعْقُوبَ كَمَا أَتَمَّهَا عَلَىٰ أَبَوَيْكَ مِن قَبْلُ إِبْرَاهِيمَ وَإِسْحَاقَ ۚ إِنَّ رَبَّكَ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ٦

RUKU' 2

Paékanipun para sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf dhateng piyambakipun

7. Tandha tumrap badhé kadadosanipun Kanjeng Nabi. 8-20. Paékanipun para sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf; Kanjeng Nabi Yusuf kacemplungaken ing luweng.

7 Sayekti temen ana ing Yusuf lan para saduluré iku ana tandha-tandha tumrap wong kang padha takon.[1214]

لَّقَدْ كَانَ فِي يُوسُفَ وَإِخْوَتِهِ آيَاتٌ لِّلسَّائِلِينَ ٧

8 Nalika padha calathu: Temen Yusuf lan saduluré[1215] iku luwih kasihan marang bapak tinimbang aku kabèh, mangka aku kabèh iki papanthan (kang luwih prakosa): sayekti bapak iki temen dumunung ing sasar kang tétéla:

إِذْ قَالُوا لَيُوسُفُ وَأَخُوهُ أَحَبُّ إِلَىٰ أَبِينَا مِنَّا وَنَحْنُ عُصْبَةٌ إِنَّ أَبَانَا لَفِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ ٨

1214. Punapa ingkang sampun kasasmitakaken wonten ing ruku' ingkang kaping sapisan, sapunika kacethakaken langkung gamblang malih. Wekdal nalika tumurunipun wahyu punika, Kanjeng Nabi saweg nedheng-nedhengipun wonten ing salebeting rekaos ingkang sakalangkung sanget, jalaran para pinisepuh ing Makkah sami sekuton badhé mrajaya ing panjenenganipun, milanipun titiyang kathah mesthi inggih sami nakèkaken kados pundi nasib ingkang kasandhang déning panjenenganipun. Minangka wangsulan, para titiyang wau sami kadhawuhan, bilih garapipun dhateng Kanjeng Nabi saha garapipun Kanjeng Nabi dhateng para titiyang wau, badhé sami kaliyan ingkang sampun dipun alami déning Kanjeng Nabi Yusuf wonten ing tanganing sadhèrèk-sadhèrèkipun, sarta punapa ingkang kasandhang déning para sadhèrèk wau saking Kanjeng Nabi Yusuf.

1215. Ingkang dipun kajengaken ing ngriki: Bunyamin, sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf nunggil rama ibu.

9 Padha patènana Yusuf, utawa buwangen marang tanah-tanah supaya idhepé bapakmu mligi marang kowé kabéh, lan ing sawisé iku kowé bakal padha dadi wong tulus.[1216]

اقْتُلُوا يُوسُفَ أَوِ اطْرَحُوهُ أَرْضًا يَخْلُ لَكُمْ وَجْهُ أَبِيكُمْ وَتَكُونُوا مِنْ بَعْدِهِ قَوْمًا صَالِحِينَ ٩

10 Dhèwèké ana siji kang calathu: Aja padha kopatèni Yusuf,
Ar. *lan* *balik* cemplungna ing dhasaring luweng, yèn kowé kudu-kudu anglaksanani (karepmu), cikbèn dijupuk sawenèhing wong kang padha lalaku.[1217]

قَالَ قَائِلٌ مِنْهُمْ لَا تَقْتُلُوا يُوسُفَ وَأَلْقُوهُ فِي غَيَابَتِ الْجُبِّ يَلْتَقِطْهُ بَعْضُ السَّيَّارَةِ إِنْ كُنْتُمْ فَاعِلِينَ ١٠

11 Dhèwèké padha calathu: Dhuh bapak, punapa ta karananipun, déné ingatasipun Yusuf Panjenengan boten pitajeng dha-
Ar. *lan* teng kula? *Mangka* kula punika saèstu sami mitra darma tumrap dhateng piyambakipun:

قَالُوا يَا أَبَانَا مَا لَكَ لَا تَأْمَنَّا عَلَىٰ يُوسُفَ وَإِنَّا لَهُ لَنَاصِحُونَ ١١

12 Mugi piyambakipun kadhawuhana, tumut kula bénjing énjing, supados bingah-bingah saha dodolanan, saha saèstu kula ingkang sami badhé rumeksa dhateng piyambakipun.

قَالَ إِنِّي لَيَحْزُنُنِي أَنْ تَذْهَبُوا بِهِ وَأَخَافُ أَنْ يَأْكُلَهُ الذِّئْبُ وَأَنْتُمْ عَنْهُ غَافِلُونَ ١٣

13 Calathuné: Sayekti andadèkaké susahku manawa dhèwèké kogawaa, sarta aku kuwatir, manawa dhèwèké dimangsa ing asu
Ar. *lan* ajag, *déning* kowé padha anglirwakaké marang dhèwèké.

أَرْسِلْهُ مَعَنَا غَدًا يَرْتَعْ وَيَلْعَبْ وَإِنَّا لَهُ لَحَافِظُونَ ١٢

14 Dhèwèké padha calathu: saèstu, manawi sagawon ajag mang-
Ar. *lan* sa piyambakipun, *ing mangka* kula

قَالُوا لَئِنْ أَكَلَهُ الذِّئْبُ وَنَحْنُ

1216. Sekuthonipun titiyang Quraisy anggènipun sami badhé meksa ing Kanjeng Nabi Suci, punika inggih kados makaten punika. Kasebutaken ing dalem Quran makaten: "Lan nalikané para kang padha kafir angrancang upaya tumanduk ing sira arep angunjara sira utawa arep amatèni sira, utawa arep anundhung sira" (8: 30).

1217. "Aja ngwutahaké getih, cemplungna ing sumur ara-ara iki baé, aja ta padha kotangani" (Purwaning Dumados 37: 22).

عُصْبَةٌ إِنَّآ إِذًا لَّخٰسِرُونَ ﴿١٤﴾

punika sami papanthan ingkang prakosa, lah saèstu kula punika sami tiyang ingkang kapitunan.

فَلَمَّا ذَهَبُوا بِهِ وَأَجْمَعُوٓا أَنْ يَّجْعَلُوهُ
فِيْ غَيٰبَتِ الْجُبِّ ۚ وَأَوْحَيْنَآ إِلَيْهِ لَتُنَبِّئَنَّهُمْ
بِأَمْرِهِمْ هٰذَا وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ﴿١٥﴾

15 Lah bareng padha lunga, kalawan dhèwèké, sarta padha golong arep anyemplungaké dhèwèké marang dhasaring luweng, *banjur* Ingsun aparing sabda marang dhèwèké: Sayekti sira bakal anjlèntrèhaké marang dhèwèké ing prakarané iki, sarta dhèwèké padha ora anggraita.[1218]

Ar. *lan*

وَجَآءُوٓ أَبَاهُمْ عِشَآءً يَّبْكُونَ ﴿١٦﴾

16 Lan dhèwèké ing wayah ngisa padha tumeka marang bapakné karo nangis.

قَالُوا يٰٓأَبَانَآ إِنَّا ذَهَبْنَا نَسْتَبِقُ وَتَرَكْنَا
يُوسُفَ عِنْدَ مَتَاعِنَا فَأَكَلَهُ الذِّئْبُ ۚ
وَمَآ أَنْتَ بِمُؤْمِنٍ لَّنَا وَلَوْ كُنَّا صٰدِقِينَ ﴿١٧﴾

17 Padha calathu: Dhuh bapak kawula, saèstu kawula sami késah, sami aririkatan, sarta Yusuf kula tilar wonten ing panggénan barang-barang kawula, wusana piyambakipun kamangsa ing sagawon ajag, *tamtu* boten badhé panjenengan pitados sanajan kula sami temen.

Ar. *lan*

وَجَآءُو عَلٰى قَمِيصِهِ بِدَمٍ كَذِبٍ ۖ قَالَ
بَلْ سَوَّلَتْ لَكُمْ أَنْفُسُكُمْ أَمْرًا ۖ فَصَبْرٌ

18 Sarta padha angaturaké kulambiné kalawan ana getihé gogorohan. Dhèwèké calathu: O, lah, tumrapé kowé jiwamu padha anggagampang prakara iku, ananging

1218. Bédanipun ingkang enggel antawisipun cariyos punika ingkang kasebut ing Bébel lan ingkang kasebut ing Quran, punika makaten: Bébel anggènipun nyariyosaken kados cariyos limrah, nanging Quran Suci anggènipun nyariyosaken kanthi anglastantunaken isèn-isènipun ruhani ingkang sumimpen wonten ing ngriku, awit inggih ngemungaken punika kémawon ingkang saged murugaken cariyos wau pantes kacariyosaken wonten ing dalem kitab ingkang kasudhiyaken kanggé tuntunaning ruhani para manusa. Lah ing ngriki kacariyosaken bilih laré ingkang umuripun dèrèng langkung pitulas taun, ingkang nitik tata lahiripun mesthi sirna ing salami-laminipun, punika tampi wahyu saha janjining Pangéran, bilih badhé dhateng masakalanipun piyambakipun badhé dados bandaranipun para ingkang nganiaya ing samangké punika. Lah inggih kawontenaning sugengipun satunggaling nabi makaten punika, sajatosipun ingkang murugaken panjenenganipun tansah kiyat nandhang sawarnining rekaos lan kasusahan. Kawontenan punapa? Inggih punika yakin ingkang kalayan saèstu ing badhé wasana kamenanganipun yekti, ingkang tuwuh ing kayakinan wau saking wahyu ingkang tumurun saking langit. Cariyos ing Bébel, margi boten mawi nyebutaken suraosipun ingkang bangsa ruhani, tetep nama ngical-icalaken kaéndahanipun cariyos wau.

sabar iku utama, lan Allah iku Ingkang sinuwunan pitulung panulaké apa kang padha kocaritakaké.[1219]

جَمِيلٌ ۖ وَاللَّهُ الْمُسْتَعَانُ عَلَىٰ مَا تَصِفُونَ ﴿١٨﴾

19 Lan ana wong lalaku padha teka, banjur ngakon juru ngangsuné, tumuli iku angudhunaké timbané. Dhèwèké calathu: O, kabar becik, iki ana bocah; lan iki padha disingidaké kaya barang dagangan, lan Allah iku angudanèni apa kang padha dilakoni.

وَجَاءَتْ سَيَّارَةٌ فَأَرْسَلُوا وَارِدَهُمْ فَأَدْلَىٰ دَلْوَهُ ۖ قَالَ يَا بُشْرَىٰ هَٰذَا غُلَامٌ ۚ وَأَسَرُّوهُ بِضَاعَةً ۚ وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِمَا يَعْمَلُونَ ﴿١٩﴾

20 Lan padha angedol dhèwèké kalawan rega murah, dhuwit salaka sathithik, sarta padha ora seneng ing dhèwèké.[1220]

وَشَرَوْهُ بِثَمَنٍ بَخْسٍ دَرَاهِمَ مَعْدُودَةٍ وَكَانُوا فِيهِ مِنَ الزَّاهِدِينَ ﴿٢٠﴾

1219. Quran nyariyosaken, wiwit wiwitan mila Kanjeng Nabi Ya'qub semang dhateng katulusanipun sadhèrèk-sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf, nanging Bébel boten makaten anggènipun nyariyosaken. Malih, manut Quran Suci nalika Kanjeng Nabi Yusuf ngaturaken luyutipun dhateng ingkang rama, ing sakala punika ingkang rama nguwatosaken drengkinipun sadhèrèk-sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf, manawi luyut wau kawedharaken dhateng sadhèrèk-sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf wau. Nanging miturut Bébel, Kanjeng Nabi Ya'qub piyambak nyendhu Kanjeng Nabi Yusuf margi supenanipun wau. Rèhning supenanipun Kanjeng Nabi Yusuf punika nyata, dados kawontenan punika nama nanem raos semang dhateng kanabianipun Kanjeng Nabi Ya'qub. Kajawi punika wonten malih ingkang cecengkahan, cariyos ing Bébel Kanjeng Nabi Ya'qub kacitra kadi déné tiyang limrah, nanging manawi miturut Quran Suci panjenenganipun punika nabi. Bébel nyariyosaken bilih panjenenganipun sungkawa margi kécalan putra ingkang sakalangkung dipun tresnani kados déné kalimruhanipun tiyang sanès-sanèsipun. Nanging Quran nerangaken bilih wiwit ing sakawit mila panjenenganipun boten naté kapegatan ing pangajeng-ajeng: "Lan Allah iku Ingkang Sinuwunan pitulung panulaké apa kang padha kocaritakaké." Sarta ing sagemblenging cariyos, pangajeng-ajeng punika tansah gesang gumebyar boten naté surem lir péndah cahya ingkang tansah sumorot sumunu sumunar anelahi. Tanpa punika, saèstu cariyos punika namung badhé dados cariyos sedhih balaka, tanpa wonten aosipun kanggé piwulang ruhani. Suprandéné ing dalem cariyosipun Bébel wau inggih taksih wonten tabet-tabetipun ingkang kénging kanggé titikan, bilih cariyos ingkang samangké pinanggih wonten ing Purwaning Dumados punika boten nyariyosaken kawontenanipun Kanjeng Nabi Ya'qub ing sanyata-nyatanipun; awit ing Purwaning Dumados 37: 11 wonten ingkang nyebutaken makaten: "Para raka dadiné padha drengki marang Yusuf, nanging kang rama anggilut-gilut marang prakara iku mau," liripun nyimpen luyut wau wonten ing dalem panggalih; lah punika anedahaken bilih Kanjeng Nabi Ya'qub yakin dhateng kayektènipun. Punika cengkah kaliyan cariyos sanès-sanèsipun ing Bébel ingkang nerangaken kumandelipun Kanjeng Nabi Ya'qub dhateng katulusanipun ingkang putra-putra. Awit saking punika dados sampun boten wonten margi sanès malih kajawi namung angakeni, bilih cariyosipun Quran punika pranyata sampun selaras kaliyan kanabianipun Kanjeng Nabi Ya'qub, makaten ugi samangsa cariyosipun Quran sulaya kaliyan cariyosipun Bébel, menggah ing sajatos-jatosipun cariyosipun Quran wau dumunung ngicali cecengkahanipun cariyos ing Bébel, awit cariyos Nabi Yusuf ingkang kasebut ing Bébel, punika cariyos ingkang sampun nalisir saking sanyatanipun.

1220. Kula aturi mirsani Purwaning Dumados 37: 28: "Dadiné bareng padha kedalanan déning wong dagang saka Midian mau, Yusuf banjur dientasaké saka ing sumur, sarta diedol marang wong Isma'il iku, payu rongpuluh sekel salaka." Tiyang ingkang nyadé Kanjeng Nabi Yusuf, punika saged

RUKU’ 3

Santosanipun Kanjeng Nabi Yusuf dhateng godha-rencana

21, 22. Kanjeng Nabi Yusuf dipun bekta dhateng Mesir. 23, 24. Dipun cobi. 25-19. Katemenanipun.

21 Lan wong Mesir kang nuku dhèwèké[1221] acalathu marang rabiné: Wènèhana padunungan kang mulya, ambokmanawa dhèwèké bakal migunani marang kéné utawa padha dak epèk anak. Lan kaya mangkono Ingsun anyantosakaké Yusuf ana ing nagara lan supaya Ingsun amulang dhèwèké kateranganing wicara-wicara; lan Allah iku anglindhihaké (samubarang) asarana (tumindaking) paréntah-É, ananging akèh-akèhing manusa padha ora weruh.

وَقَالَ الَّذِي اشْتَرَاهُ مِن مِّصْرَ
لِامْرَأَتِهِ أَكْرِمِي مَثْوَاهُ عَسَىٰ أَن
يَنفَعَنَا أَوْ نَتَّخِذَهُ وَلَدًا ۚ وَكَذَٰلِكَ مَكَّنَّا
لِيُوسُفَ فِي الْأَرْضِ وَلِنُعَلِّمَهُ مِن تَأْوِيلِ
الْأَحَادِيثِ ۚ وَاللَّهُ غَالِبٌ عَلَىٰ أَمْرِهِ وَلَٰكِنَّ
أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٢١﴾

22 Lan bareng dhèwèké wus tumeka ing diwasané, Ingsun paringi kawicaksanan sarta kawruh: lan kaya mangkono anggon-Ingsun amituwasi wong kang padha atindak becik.[1222]

وَلَمَّا بَلَغَ أَشُدَّهُ آتَيْنَاهُ حُكْمًا وَعِلْمًا ۚ
وَكَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ﴿٢٢﴾

23 Wong wadon, kang omahé dienggoni déning dhèwèké, ngarah, supaya dhèwèké tumiyunga (marang awaké),[1223] sarta angancingi lawang-lawangé, tuwin acalathu: Majua mréné.[1224] Calathu-

وَرَاوَدَتْهُ الَّتِي هُوَ فِي بَيْتِهَا عَن نَّفْسِهِ
وَغَلَّقَتِ الْأَبْوَابَ وَقَالَتْ هَيْتَ لَكَ ۚ قَالَ

ugi para rakanipun Kanjeng Nabi Yusuf, saged ugi para tiyang dagang ingkang manggih Kanjeng Nabi Yusuf wonten ing salebeting luweng. Miturut cariyos ingkang kasebut ing Purwaning Dumados, para rakanipun Kanjeng Nabi Yusuf nyadé Kanjeng Nabi Yusuf dhateng tiyang Midian, tiyang Midian gentos nyadé Kanjeng Nabi Yusuf wau wonten ing Mesir.

1221. “Mungguh Yusuf, diedol déning para wong ing tanah Midian mau ana ing Mesir, marang sawijining abdiné Fir’aun, wadana keparak, kang jeneng Potifar” (Purwaning Dumados 37: 36). Sarta Purwaning Dumados 39: 1 nerangaken: “Kacarita Yusuf wus sinambut menyang ing tanah Mesir, banjur tinuku déning sawijining wong Mesir kang jeneng Potifar, abdiné Fir’aun, wadana keparak. Anggoné tuku marang wong Ismail kang padha anggawa mrono.”

1222. “Yusuf kareksa déning Yéhuwah, dadi wong wateg sempuluran” (Purwaning Dumados 39:2).

1223. *Râwadahu* punika tegesipun *ngarah supaya dhèwèké malèngos saka sawijining barang* (LA-

1224. *Mirsanana kaca candhakipun.*

مَعَاذَ اللّٰهِ اِنَّهٗ رَبِّيْٓ اَحْسَنَ مَثْوَايَ ۗ اِنَّهٗ لَا يُفْلِحُ الظّٰلِمُوْنَ ﴿٢٣﴾

né: Kula nyuwun pangayomanipun Allah, saèstu Pangéran kula sampun andamel saé ing padunungan kula; saèstu boten badhé begja titiyang ingkang atindak dédé.

وَلَقَدْ هَمَّتْ بِهٖ ۚ وَهَمَّ بِهَا لَوْلَآ اَنْ رَّاٰ بُرْهَانَ رَبِّهٖ ۗ كَذٰلِكَ لِنَصْرِفَ عَنْهُ السُّوْۤءَ وَالْفَحْشَاۤءَ ۗ اِنَّهٗ مِنْ عِبَادِنَا الْمُخْلَصِيْنَ ﴿٢٤﴾

24 Lan sayekti si wadon sir marang dhèwèké, sarta dhèwèké sir marang si wadon, lamun dhèwèké oraa andeleng tandha yektining Pangéran kang terang; kaya mangkono iku, supaya Ingsun angedohaké ala lan nistha saka dhèwèké; sayekti dhèwèké iku golongané para kawula-Ningsun kang padha *tulus*.[1225]

Ut. *sinucèkaké, pinilih*

وَاسْتَبَقَا الْبَابَ وَقَدَّتْ قَمِيْصَهٗ مِنْ دُبُرٍ وَّاَلْفَيَا سَيِّدَهَا لَدَا الْبَابِ ۗ قَالَتْ مَا جَزَاۤءُ مَنْ اَرَادَ بِاَهْلِكَ سُوْۤءًا اِلَّآ اَنْ يُّسْجَنَ اَوْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ﴿٢٥﴾

25 Lan sakaroné arebut dhisik menyang lawang, sarta kulambiné dhèwèké suwèk déning si wadon saka ing buri, lan ana sacedhaking lawang padha papagan karo lakiné. Si wadon calathu: Punapa wawalesipun tiyang ingkang sedya awon dhateng sémah sampéyan kajawi dipun kunjara utawi siksa ingkang nyakiti?

قَالَ هِيَ رَاوَدَتْنِيْ عَنْ نَّفْسِيْ وَشَهِدَ شَاهِدٌ مِّنْ اَهْلِهَا ۚ اِنْ كَانَ قَمِيْصُهٗ قُدَّ مِنْ قُبُلٍ فَصَدَقَتْ وَهُوَ مِنَ الْكٰذِبِيْنَ ﴿٢٦﴾

26 (Si lanang) calathu: Piyambakipun si wadon punika ingkang angangkah supados kula tumiyung dhateng awakipun. Lan ana sawijining saksi kalebu kulawargané (si wadon) kang anglahiraké pasaksi: Manawi rasukanipun suwèk saking ngajeng lah pun èstri ingkang temen, sarta pun jaler golonganipun para doracara:

LL), dados رَاوَدَتْهُ عَنْ نَّفْسِهٖ wantahipun ateges: *kalawan pangrungrum dhèwèké* (*si wadon*) ngarah arep ngingeraké dhèwèké (si lanang) saka anggoné ora dhemen sarta andadèkaké dhèwèké tumiyung marang si wadon (T-LL).

1224. Manawi punika dipun cocogaken kaliyan Purwaning Dumados 39: 7-12, para maos badhé nguningani piyambak tetembunganipun Kitab Quran punika pranyata suci temenan.

1225. Punika boten nedahaken bilih Kanjeng Nabi Yusuf kagungan sir dhateng èstri wau: wangsul punika namung anerangaken bilih godha rencana punika sakalangkung déning ageng, ngantos upamia

27 Lan manawi rasukanipun suwèk saking wingking, lah pun èstri ingkang dora sarta pun jaler golonganipun para tiyang temen.

وَإِنْ كَانَ قَمِيصُهُ قُدَّ مِنْ دُبُرٍ فَكَذَبَتْ وَهُوَ مِنَ الصَّادِقِينَ ﴿٢٧﴾

28 Mulané bareng weruh kulambiné suwèké saka ing buri, acalathu: Sayekti iku kalebu kajuliganmu para wadon; sanyata kajuliganmu iku gedhé.[1226]

فَلَمَّا رَأَىٰ قَمِيصَهُ قُدَّ مِنْ دُبُرٍ قَالَ إِنَّهُ مِنْ كَيْدِكُنَّ ۖ إِنَّ كَيْدَكُنَّ عَظِيمٌ ﴿٢٨﴾

29 O, Yusuf, birata saka ing iki; déné kowé (o, bojoku) anyuwuna pangapura ing dosamu, sanyata kowé iku golongané para wong atindak luput.

يُوسُفُ أَعْرِضْ عَنْ هَٰذَا ۚ وَاسْتَغْفِرِي لِذَنْبِكِ ۖ إِنَّكِ كُنْتِ مِنَ الْخَاطِئِينَ ﴿٢٩﴾

RUKU' 4

Yusuf kinunjara

30 Lan para wadon ing sajroning kutha padha calathu: Garwaning Sang Adipati[1227] angarah abdiné supaya tumiyunga marang awaké; sayekti dhèwèké banget kapranan ing sih marang awaké;[1228] sayekti, panyawangku kabèh, si wadon iku dumunung ana ing sasar kang tétéla.

وَقَالَ نِسْوَةٌ فِي الْمَدِينَةِ امْرَأَتُ الْعَزِيزِ تُرَاوِدُ فَتَاهَا عَنْ نَفْسِهِ ۖ قَدْ شَغَفَهَا حُبًّا ۖ إِنَّا لَنَرَاهَا فِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ﴿٣٠﴾

Kanjeng Nabi Yusuf boten santosa panggalihipun margi saking dayaning imanipun ingkang kandel dhateng Allah, sayekti panjenenganipun dados bandhanganing ringkihipun manusa.

1226. Kawedharing kasuciané panggalihipun Kanjeng Nabi Yusuf ing wekdal wau, saha bab prakawis wontenipun bukti saking rasukan, wonten ing Bébel boten kacariyosaken. Ing mangka tanpa punika, cariyos bab agemipun rasukan Kanjeng Nabi Yusuf kantun wonten ing astanipun bandara èstri, punika atanpa teges. Tétéla bab punika kècèr boten kasebutaken. Ruku' candhakipun ambuktèkaken bilih anggènipun Kanjeng Nabi Yusuf kalebetaken ing pakunjaran, punika boten margi kalepatan masésa garwaning bandaranipun. Quran Suci boten marengaken lekas bangsanipun ingkang kados makaten punika katumrapaken dhateng satunggaling nabi, sanajan namung pandakwa.

1227. *Al-'Azîz* punika Potifar (Kf). '*Azîz* punika lugunipun ateges *luhur*, *kuwaos*, *kiyat*. milanipun kénging kanggé namakaken pangageng kados Potifar punika, ingkang pangkatipun wadana keparak. *Al-'Azîz* punika ugi dados jujulukipun ingkang ngasta prepréntahan ing Mesir, nanging ing ngriki *Al-'Azîz* wau terang sanès sang nata ing Mesir, awit tumrap sang nata ing Mesir, ing ayat 43 kasebut *al-Malik*, jawinipun *ratu*. Kajawi punika Kanjeng Nabi Yusuf piyambak punika ugi kasebut '*azîz* ing ayat 78, tur sampun terang manawi Kanjeng Nabi Yusuf punika sanès ratu, nanging namung pangagenging karajan kémawon.

1228. Syagafahâ wantahipun ateges: dhèwèké (Yusuf) mranani ing dhèwèké (si wadon) nganti tresnané (si wadon mau) marang dhèwèké (Yusuf) kalebu ana ing syigâf inggih punika kukulunging atiné (si wadon).

31 Lah bareng si wadon ngrungu pangrancanané (para wadon mau)[1229] banjur padha disuruhi sarta padha disadhiyani bojana,[1230] apa déné siji-sijiné padha diwènèhi lading, sarta calathu (marang Yusuf): Padha wetonana. Lah bareng padha nyawang dhèwèké, padha angegungaké sarta tangané padha kiris (déning kaébatan), tuwin padha calathu: Adoh Allah iku (saka ing kuciwa); dudu manusa iki; ora liya iki kajaba malaikat kang minulya.[1231]

فَلَمَّا سَمِعَتْ بِمَكْرِهِنَّ أَرْسَلَتْ إِلَيْهِنَّ
وَأَعْتَدَتْ لَهُنَّ مُتَّكَأً وَآتَتْ كُلَّ
وَاحِدَةٍ مِّنْهُنَّ سِكِّينًا وَقَالَتِ اخْرُجْ
عَلَيْهِنَّ ۚ فَلَمَّا رَأَيْنَهُ أَكْبَرْنَهُ وَقَطَّعْنَ
أَيْدِيَهُنَّ وَقُلْنَ حَاشَ لِلَّهِ مَا هَٰذَا
بَشَرًا ۖ إِنْ هَٰذَا إِلَّا مَلَكٌ كَرِيمٌ ﴿٣١﴾

32 (Garwané Sang Adipati) calathu: Lah yaiki wongé kang dadi karanané kowé padha nyatur aku, lan temen aku ngarah tumiyung dhèwèké (marang aku), ananging dhèwèké anyegah (laku dosa): lan lamun dhèwèké ora anglaksani apa paréntahku marang dhèwèké masthi bakal dikunjara sarta masthi bakal dadi golongané wong rucah-rucah.

قَالَتْ فَذَٰلِكُنَّ الَّذِي لُمْتُنَّنِي فِيهِ ۖ
وَلَقَدْ رَاوَدتُّهُ عَن نَّفْسِهِ فَاسْتَعْصَمَ ۖ
وَلَئِن لَّمْ يَفْعَلْ مَا آمُرُهُ لَيُسْجَنَنَّ وَ
لَيَكُونًا مِّنَ الصَّاغِرِينَ ﴿٣٢﴾

33 Dhèwèké munjuk: Pangéran kawula! kunjara punika tumrapipun kawula langkung kawula remeni tinimbang nuruti pangajakipun titiyang punika dhateng

قَالَ رَبِّ السِّجْنُ أَحَبُّ إِلَيَّ مِمَّا يَدْعُونَنِي

1229. Pandalihipun dhedhemitan para èstri, ing ngriki kasebut *makr*-ipun utawi *pangrencananipun* (Kf, Bd). Sawenèh mufassir wonten ingkang gadhah pamanggih, bilih garwanipun sang Adipati wau sumerep bilih wonten tiyang èstri sawatawis ingkang nemaha nyebar-nyebaraken pawartos wau kalayan ngemu sedya ngangkah sageda sumerep suwarninipun Kanjeng Nabi Yusuf. Mila punika lajeng winastan *makr* utawi *pangrencananipun* para èstri wau

1230. Muttaka'a punika asalipun ateges: papan kanggé lèyèh-lèyèh, lajeng ateges: papan ingkang mawi sèndhènan kanggé léléyangan tiyang manawi pinuju nedha, ngunjuk, utawi jagongan, sarta ugi ateges tedha, utawi bojana. Teges ingkang kantun piyambak punika miturut TA dados tegesipun tembung wau ing ngriki (LL). Para mufassirin sami mewahi katerangan bilih muttaka'a punika tetedhan ingkang tartamtu kedah dipun iris mawi lading (Kf, Rz), sarta nyebutaken bilih inggih sabab saking punika déné para èstri wau sami dipun sukani lading.

1231. Bangsa Mesir punika bangsa ingkang remen gugon-tuhon tuwin bangsa manembah brahala. Sadhéngah barang ingkang ageng, utawi tiyang ingkang manut panganggepipun wonten punapa-punapanipun ingkang anggumunaken, lajeng kémawon kaanggep Pangéran. Milanipun nalika para èstri wau sami nyumerapi suwarninipun Kanjeng Nabi Yusuf lajeng sami nganggep bilih panjenenganipun

إِلَيْهِ وَإِلَّا تَصْرِفْ عَنِّي كَيْدَهُنَّ أَصْبُ إِلَيْهِنَّ وَأَكُن مِّنَ الْجَاهِلِينَ ﴿٣٣﴾

kawula; sarta manawi Tuwan boten anebihaken pangrancananipun saking kawula, kawula badhé kapéncut dhateng piyambakipun sarta badhé dados golonganipun para titiyang bodho.

فَاسْتَجَابَ لَهُ رَبُّهُ فَصَرَفَ عَنْهُ كَيْدَهُنَّ ۚ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ﴿٣٤﴾

34 Tumuli Pangérané anyembadani panyuwuné banjur angedohaké pangrancanané saka ing dhéwéké; sayekti Panjenengané Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni.

ثُمَّ بَدَا لَهُم مِّن بَعْدِ مَا رَأَوُا الْآيَاتِ لَيَسْجُنُنَّهُ حَتَّىٰ حِينٍ ﴿٣٥﴾

35 Tumuli, ing sawisé padha weruh pratandha-pratandha, padha duwé panemu, dhèwèké kudu dikunjara nganti sawatara mangsa.[1232]

RUKU' 5

Wonten ing kunjara Kanjeng Nabi Yusuf anggelaraken piwulang

وَدَخَلَ مَعَهُ السِّجْنَ فَتَيَانِ ۖ قَالَ أَحَدُهُمَا إِنِّي أَرَانِي أَعْصِرُ خَمْرًا ۖ وَقَالَ الْآخَرُ إِنِّي أَرَانِي أَحْمِلُ فَوْقَ رَأْسِي خُبْزًا تَأْكُلُ الطَّيْرُ مِنْهُ ۖ نَبِّئْنَا بِتَأْوِيلِهِ ۖ إِنَّا نَرَاكَ مِنَ الْمُحْسِنِينَ ﴿٣٦﴾

36 Lan ana nonoman loro lumebu kunjara ambarengi dhèwèké.[1233] Kang siji calathu: Pandelengku aku meres anggur. Lan sijiné calathu: Pandelengku aku nyunggi roti, iku padha dipangan manuk. Aku padha terangna marang pradikané; sayekti, panyawangku, kowé iku golongané wong-wong kang atindak becik.[1234]

punika sanès bangsaning manusa. Tembung حَاشَ لِلَّهِ punika limrahipun kaucapaken kanggé nyabawakaken raos gumun utawi hurmat.

1232. Boten wonten satunggal punapa ingkang anedahaken bilih anggènipun Kanjeng Nabi Yusuf kalebetaken ing kunjara punika margi kadakwa masésa garwanipun Potifar. Rèhning panjenenganipun sampun kabuktèn anggènipun suci saking dakwa wau, mila ingka cepak kémawon panjenenganipun dipun dakwa prakawis sanès; déné ingkang langkung memper malih, ratu binathara ingkang tanpa wates panguwaosipun punika boten ambetahaken sabab, manawi kajeng badhé ngunjara tiyang ingkang boten dosa. *Pratandha-pratandha* punika kedah kasuraos *pratandha-pratandha ingkang ambuktèkaken bilih Kanjeng Nabi Yusuf boten lepat.*

1233. Sadaya ingkang kasebut ing ruku' punika, kula aturi nandhing kaliyan Purwaning Dumados bab 40. Namung kémawon ing ngriku boten mawi nyebutaken anggènipun Kanjeng Nabi Yusuf anggelaraken piwulang. Nènèman kalih punika juru-larih lan juru-dhahar.

1234. Perlu dipun pèngeti, bilih impèn kawan warni ingkang kasebutaken ing surat punika, inggih punika kakalih ingkang kasebutaken ing ngriki tuwin supenanipun Kanjeng Nabi Yusuf ingkang

37 Wangsulané: Pangan kang diingokaké marang kowé ora bakal tumeka ing kowé sakaroné, ananging aku bakal anerangaké ing kowé sakaroné marang pradikané, sadurungé iku tumeka marang kowé sakaroné: iki saka pamulangé Pangéranku marang aku: sayekti aku iki ninggal agamané wong kang ora padha angèstu ing Allah sarta marang akhirat dhèwèké padha maido.

قَالَ لَا يَاْتِيْكُمَا طَعَامٌ تُرْزَقٰنِهٖۤ اِلَّا
نَبَّاْتُكُمَا بِتَاْوِيْلِهٖ قَبْلَ اَنْ يَّاْتِيَكُمَا ؕ
ذٰلِكُمَا مِمَّا عَلَّمَنِيْ رَبِّيْ ؕ اِنِّيْ تَرَكْتُ
مِلَّةَ قَوْمٍ لَّا يُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَ هُمْ
بِالْاٰخِرَةِ هُمْ كٰفِرُوْنَ ﴿۳۷﴾

38 Sarta aku manut agamané bapak-bapakku, Ibrahim lan Ishaq lan Ya'qub; ora mungguh tumrapé aku yèn anyakuthokna sawiji-wiji kalawan Allah: Iki saka lubèring paparingé Allah marang aku lan marang kamanusan, ananging akèh-akèhing manusa ora padha atur panuwun:

وَ اتَّبَعْتُ مِلَّةَ اٰبَآءِيْۤ اِبْرٰهِيْمَ وَ اِسْحٰقَ
وَ يَعْقُوْبَ ؕ مَا كَانَ لَنَاۤ اَنْ نُّشْرِكَ بِاللّٰهِ
مِنْ شَيْءٍ ؕ ذٰلِكَ مِنْ فَضْلِ اللّٰهِ عَلَيْنَا
وَ عَلَى النَّاسِ وَ لٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ
لَا يَشْكُرُوْنَ ﴿۳۸﴾

39 Dhuh kancaku sapakunjaran sakaroné, apa sesembahan mawarna-warna iki kang luwih becik, apa ta Allah, Ingkang-Maha-tunggal, Ingkang-Winenang?

يٰصَاحِبَيِ السِّجْنِ ءَاَرْبَابٌ مُّتَفَرِّقُوْنَ
خَيْرٌ اَمِ اللّٰهُ الْوَاحِدُ الْقَهَّارُ ﴿ؕ۳۹﴾

40 Kowé padha ngawulani saliyané Panjenengané iku ora liya kajaba mung jeneng-jeneng kang padha koarani, kowé lan bapak-bapakmu, Allah ora anurunaké wisésa tumrap iku; pancasan iku mung kagunganing Allah; Panjenengané wus andhawuhaké kowé aja padha ngawula kajaba marang Panjenengané; iki agama kang

مَا تَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِهٖۤ اِلَّاۤ اَسْمَآءً
سَمَّيْتُمُوْهَاۤ اَنْتُمْ وَ اٰبَآؤُكُمْ مَّاۤ اَنْزَلَ اللّٰهُ
بِهَا مِنْ سُلْطٰنٍ ؕ اِنِ الْحُكْمُ اِلَّا لِلّٰهِ ؕ اَمَرَ
اَلَّا تَعْبُدُوْۤا اِلَّاۤ اِيَّاهُ ؕ ذٰلِكَ الدِّيْنُ الْقَيِّمُ

kasebutaken ing ayat 4 tuwin supenanipun raja Fir'aun ingkang kasebutaken ing ayat 43, punika sadaya kapangandikakaken mawi tembung *arâ* (saking tembung *ru'yah*, jawinipun *andeleng*), sami kémawon kaliyan ingkang kanggé nembungaken ningali barang-barang limrah. Bab punika manawi kula èngeti, saged mitulungi kula sami kanggé merdéni kalayan leres ayat-ayating Quran saha hadits pangandika Nabi Suci.

jejeg, ananging akèh-akèhé manusa padha ora weruh;

وَلٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٤٠﴾

41 Dhuh kancaku sapakunjaran sakaroné! mungguh kowé, kang siji, iku bakal angladèni unjukan sajeng gustiné; déné mungguh sijiné, iku bakal dipenthèng, banjur manuk padha nucuki sirahé; wus diputus prakara kang padha kotakokaké iku.

يٰصَاحِبَيِ السِّجْنِ أَمَّا أَحَدُكُمَا فَيَسْقِي رَبَّهُ خَمْرًا ۖ وَأَمَّا الْآخَرُ فَيُصْلَبُ فَتَأْكُلُ الطَّيْرُ مِنْ رَأْسِهِ ۚ قُضِيَ الْأَمْرُ الَّذِي فِيهِ تَسْتَفْتِيَانِ ﴿٤١﴾

42 Dhèwèké acalathu marang kang siji, kang dhèwèké weruh, yèn iku bakal diluwari: Élinga marang aku ana ngarsané gustimu; ananging sétan anglalèkaké dhèwèké angaturaké (iku) marang gustiné; dadi dhèwèké olèhé ana ing pakunjaran sawatara taun.[1235]

وَقَالَ لِلَّذِي ظَنَّ أَنَّهُ نَاجٍ مِنْهُمَا اذْكُرْنِي عِنْدَ رَبِّكَ فَأَنْسَاهُ الشَّيْطَانُ ذِكْرَ رَبِّهِ فَلَبِثَ فِي السِّجْنِ بِضْعَ سِنِينَ ﴿٤٢﴾

RUKU' 6

Supenanipun Sang Nata sarta pradikanipun Kanjeng Nabi Yusuf

43 Lan Sang Nata ngandika:[1236] Sayekti aku weruh ana sapi pitu lemu-lemu, iku dipangan sapi pitu kuru-kuru; sarta ana wuwulèn pitu ijo-ijo tuwin (pitu) liyané manèh kang garing; O, para panggedhé, aku werdènana impènku, manawa kowé padha bisa mradikani impèn.

وَقَالَ الْمَلِكُ إِنِّي أَرَىٰ سَبْعَ بَقَرَاتٍ سِمَانٍ يَأْكُلُهُنَّ سَبْعٌ عِجَافٌ وَسَبْعَ سُنْبُلَاتٍ خُضْرٍ وَأُخَرَ يَابِسَاتٍ ۖ يَا أَيُّهَا الْمَلَأُ أَفْتُونِي فِي رُؤْيَايَ إِنْ كُنْتُمْ لِلرُّؤْيَا تَعْبُرُونَ ﴿٤٣﴾

44 Padha matur: Supenan worsuh, saha kula dhateng pradikaning supenan sami boten sumerep.

قَالُوا أَضْغَاثُ أَحْلَامٍ ۖ وَمَا نَحْنُ بِتَأْوِيلِ الْأَحْلَامِ بِعَالِمِينَ ﴿٤٤﴾

45 Lan salah sijiné (pasakitan) loro kang diluwari sarta sawisé lawas lagi kèlingan Yusuf, acalathu: Cobi panjenengan kula terangaken pradikanipun, milanipun cobi kula *kaparenga mundur rumiyin*:

Ar. *kautusa*

وَقَالَ الَّذِي نَجَا مِنْهُمَا وَادَّكَرَ بَعْدَ أُمَّةٍ أَنَا أُنَبِّئُكُمْ بِتَأْوِيلِهِ فَأَرْسِلُونِ ﴿٤٥﴾

1235. Tembung *bidl'* punika kanggènipun kanggé nerangaken cacah tiga dumugi sadasa. Sawenèh paramèng basa mastani kanggé nerangaken cacah satunggal dumugi sadasa (LL).

1236. Kula aturi nandhing ruku' punika kaliyan Purwaning Dumados 41: 1-31.

46 O, Yusuf, o, wong temen! Aku pradikanana, sapi pitu lemu-lemu kang padha dipangan sapi pitu kuru-kuru, sarta wuwulèn pitu ijo-ijo tuwin liyané manèh (pitu) kang padha garing, supaya baliku menyang para wong-wong kaé dhèwèké bakal padha weruh.

يُوسُفُ أَيُّهَا الصِّدِّيقُ أَفْتِنَا فِي سَبْعِ
بَقَرَاتٍ سِمَانٍ يَأْكُلُهُنَّ سَبْعٌ عِجَافٌ
وَسَبْعِ سُنْبُلَاتٍ خُضْرٍ وَأُخَرَ يَابِسَاتٍ
لَعَلِّي أَرْجِعُ إِلَى النَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿٤٦﴾

Ut. *terus baé*

47 Wangsulané: Pitung taun kowé padha nandura *kaya sabené*; banjur apa panènanmu cikbèn ana ing wuwulèn baé, kajaba sathithik kang arep padha kopangan.

قَالَ تَزْرَعُونَ سَبْعَ سِنِينَ دَأَبًا فَمَا
حَصَدْتُمْ فَذَرُوهُ فِي سُنْبُلِهِ إِلَّا قَلِيلًا
مِمَّا تَأْكُلُونَ ﴿٤٧﴾

Ut. *kosimpen*

48 Sawisé mangkono banjur tumeka mangsa kesrakat pitung taun, kang bakal angentèkaké tandhonmu pasadiyan kang dhisik, kajaba sathithik kang bakal padha *kongèngèhaké:*

ثُمَّ يَأْتِي مِنْ بَعْدِ ذَٰلِكَ سَبْعٌ شِدَادٌ
يَأْكُلْنَ مَا قَدَّمْتُمْ لَهُنَّ إِلَّا قَلِيلًا
مِمَّا تُحْصِنُونَ ﴿٤٨﴾

49 Sawisé mangkono banjur tumuli tumeka sawijining taun, kang ing kono wong-wong padha kaparingan udan, sarta ing kono bakal padha meres (anggur).

ثُمَّ يَأْتِي مِنْ بَعْدِ ذَٰلِكَ عَامٌ فِيهِ
يُغَاثُ النَّاسُ وَفِيهِ يَعْصِرُونَ ﴿٤٩﴾

RUKU' 7

Kanjeng Nabi Yusuf dipun luwari saking pandakwa sarta kasengkakaken ingaluhur

50 Lan sang Nata angandika: Dhèwèké gawanen mréné. Bareng utusan wis teka (katemu) dhèwèké, dhèwèké calathu: Balia marang (ngarsané) gustimu sarta nyuwuna priksa panjenengané, kapriyé kaanané para wadon kang padha kiris tangané; sayekti Pangéranku angudanèni pangrencanané.

وَقَالَ الْمَلِكُ ائْتُونِي بِهِ فَلَمَّا جَاءَهُ
الرَّسُولُ قَالَ ارْجِعْ إِلَىٰ رَبِّكَ فَاسْأَلْهُ
مَا بَالُ النِّسْوَةِ اللَّاتِي قَطَّعْنَ أَيْدِيَهُنَّ
إِنَّ رَبِّي بِكَيْدِهِنَّ عَلِيمٌ ﴿٥٠﴾

51 Pangandikané: Kapriyé karanané nalikané kowé angarah amrih Yusuf tumiyung marang awakmu?[1237] Aturé: Tebih Allah punika

قَالَ مَا خَطْبُكُنَّ إِذْ رَاوَدْتُنَّ يُوسُفَ
عَنْ نَفْسِهِ قُلْنَ حَاشَ لِلَّهِ مَا عَلِمْنَا

1237. Ingkang ngandika punika sang nata, dhateng para èstri.

عَلَيْهِ مِنْ سُوٓءٍ ۚ قَالَتِ امْرَاَتُ الْعَزِيْزِ الْـٰٔنَ حَصْحَصَ الْحَقُّ ۫ اَنَا رَاوَدْتُّهٗ عَنْ نَّفْسِهٖ وَاِنَّهٗ لَمِنَ الصّٰدِقِيْنَ ﴿٥١﴾

(saking kuciwa), kula sami boten sumerep piyambakipun kadunungan awon. Bojoning Sénapati matur: Ing sapunika kanyataan sampun *tetep*: Kula angangkah, supados piyambakipun tumiyung dhateng badan kula, *anamung* saèstu piyambakipun punika golonganipun titiyang ingkang sami temen.

Ut. *cumetha*

Ar. *lan*

ذٰلِكَ لِيَعْلَمَ اَنِّيْ لَمْ اَخُنْهُ بِالْغَيْبِ وَاَنَّ اللّٰهَ لَا يَهْدِيْ كَيْدَ الْخَاۤىِٕنِيْنَ ﴿٥٢﴾

52 Mangkéné iki supaya panjenengané weruha, manawa ana ing pasepèn aku ora cidra sarta manawa Allah iku ora aparing tuntunan pangrencanané para wong cidra.[1238]

JUZ XIII

وَمَآ اُبَرِّئُ نَفْسِيْ ۚ اِنَّ النَّفْسَ لَاَمَّارَةٌ ۢ بِالسُّوْۤءِ اِلَّا مَا رَحِمَ رَبِّيْ ۗ اِنَّ رَبِّيْ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٥٣﴾

53 Lan ora pisan aku angaku suci; sayekti ati(-ning manusa) iku lumrahé masthi angajani (awaké) marang (tumindak) ala, kajaba sapa-sapa kang sinihan ing Pangéranku; sayekti Pangéranku iku Aparamarta, Mahaasih.[1239]

1238. Punika pangandikanipun Kanjeng Nabi Yusuf, karsanipun anerangaken lekasipun punapa sababipun panjenenganipun milaur tetep wonten ing pakunjaran ngantos sasampunipun katetepaken anggènipun boten dosa. Nanging punika ugi kénging kasuraos wicantenipun garwanipun Potifar, minangka pasaksi dhateng Kanjeng Nabi Yusuf.

1239. Limrahipun punika kasuraos pangandikanipun Kanjeng Nabi Yusuf, nadyan sawenèh mufassir wonten ingkang mastani punika wicantenipun sémahipun Potifar. Nadyan panyuraos ingkang sapisan wau ingkang dipun anggé, meksa boten wonten pakèwedipun, awit para nabinipun Allah makaten boten naté ngaken-akenaken kasaénan dhateng sariranipun piyambak, wangsul sami ngrumaosi bilih sadaya kasaénan punika mijil saking Tuking Kasaénan, inggih punika Gusti Allah. Ing ngriki nafsunipun manusa punika winastan *ammârah*, inggih punika *ingkang remen maréntah*. Menggah ing sajatos-jatosipun, punika tataran ingkang ngandhap piyambak tumrap tumuwuhing ruhaninipun manusa. Kénging winastan, jiwanipun manusa punika marambah-rambah tansah maréntahi ngajak nindakaken awon, nanging rèhning piyambakipun makaten kénging winastan tansah ambudidaya uwal saking panguwaosing awon, milanipun piyambakipun inggih boten purun dipun ajak nindakaken awon wau. Tataran ingkang angka kalih winastan *lawwamah*, inggih punika *jiwa ingkang tansah netah dhateng awakipun piyambak*. Punika kasebutaken ing 75: 2. Samangsa sakedhik kémawon nalisir saking margining katulusan, sanalika raos ing manahipun karaos keduwung. Tataran ingkang angka tiga, tataran ingkang sampurna, *muthmainnah* utawi *jiwa ingkang tentrem.* .Margi sampun saged anggayuh ing pantoging kasampurnan, jiwa ing tataran punika tansah dumunung ing katentreman. Mirsanana 2732.

54 Lan Sang Nata ngandika: Dhèwèké tekakna mréné, arep dak pilih dadi pipijènku. Bareng panjenengané wis wawansabda karo dhèwèké, pangandikané: Sayekti, ing dina iki kowé ana ing ngarsaku dadi wong kang kinurmatan, pinracaya.

وَقَالَ الْمَلِكُ ائْتُونِي بِهِ أَسْتَخْلِصْهُ
لِنَفْسِي ۚ فَلَمَّا كَلَّمَهُ قَالَ إِنَّكَ الْيَوْمَ
لَدَيْنَا مَكِينٌ أَمِينٌ ﴿٥٤﴾

55 Aturé: Mugi kula kinulawisuda anguwasani bandha nagari; saèstu kula punika juru-rumeksa ingkang saé, sumerep saèstu.

قَالَ اجْعَلْنِي عَلَىٰ خَزَائِنِ الْأَرْضِ ۚ
إِنِّي حَفِيظٌ عَلِيمٌ ﴿٥٥﴾

56 Lan kaya mangkono iku anggon-Ingsun aparing pangawasa ing bumi marang Yusuf – dhèwèké anyekel wewenang ing kono, ing ngendi sakarepé; Ingsun anurunaké wilasa-Ningsun marang sapa kang dadi kapareng-Ingsun, lan Ingsun ora angilangaké ganjarané wong kang padha alaku becik.

وَكَذَٰلِكَ مَكَّنَّا لِيُوسُفَ فِي الْأَرْضِ ۚ
يَتَبَوَّأُ مِنْهَا حَيْثُ يَشَاءُ ۚ نُصِيبُ بِرَحْمَتِنَا
مَنْ نَشَاءُ وَلَا نُضِيعُ أَجْرَ الْمُحْسِنِينَ ﴿٥٦﴾

57 Lan sayekti ganjaran akhirat iku luwih becik tumrap para kang padha angestu sarta kang padha prayitna (saka ing ala).

وَلَأَجْرُ الْآخِرَةِ خَيْرٌ لِلَّذِينَ آمَنُوا
وَكَانُوا يَتَّقُونَ ﴿٥٧﴾

RUKU' 8

Kanjeng Nabi Yusuf amitulungi para sadhèrèkipun

58 Lan saduluré Yusuf padha teka, banjur padha marek marang dhèwèké, lan dhèwèké weruh marang para saduluré nanging iki marang dhèwèké padha pangling.

وَجَاءَ إِخْوَةُ يُوسُفَ فَدَخَلُوا عَلَيْهِ
فَعَرَفَهُمْ وَهُمْ لَهُ مُنْكِرُونَ ﴿٥٨﴾

59 Lan bareng anggoné dhèwèké anyadhiyani gawané-pangan (para saduluré) wis sumadhiya, acalathu:

وَلَمَّا جَهَّزَهُمْ بِجَهَازِهِمْ قَالَ ائْتُونِي

Para ingkang sampun anggayuh tataran ingkang angka kalih tumrap kamajenganing ruhani saha para ingkang sampun saged anggayuh pantoging kasampurnan, punika kasebut *tiyang ingkang sinihan Pangéran.*

بِأَخٍ لَّكُم مِّنْ أَبِيكُمْ ۚ أَلَا تَرَوْنَ أَنِّيٓ
أُوفِي ٱلْكَيْلَ وَأَنَا۠ خَيْرُ ٱلْمُنزِلِينَ ٥٩

Tekakna mréné sadulurmu siji kang saka bapakmu; apa kowé padha ora weruh, yèn aku iki aganep ing taker sarta aku iki becik-beciké wong kang padha nampani dhayoh?

فَإِن لَّمْ تَأْتُونِي بِهِۦ فَلَا كَيْلَ لَكُمْ
عِندِي وَلَا تَقْرَبُونِ ٦٠

60 Lah manawa kowé ora padha anekakaké dhèwèké marang aku kéné, kowé ya ora bakal padha olèh taker (gandum) saka ing aku sarta ora bakal padha olèh marek aku.

قَالُوا۟ سَنُرَٰوِدُ عَنْهُ أَبَاهُ وَإِنَّا لَفَٰعِلُونَ ٦١

61 Padha matur: Kula sami badhé angangkah, amurih bapakipun tumiyunga manahipun angulungaken piyambakipun, lan saèstu kula sami badhé nindakaken (punika).

وَقَالَ لِفِتْيَٰنِهِ ٱجْعَلُوا۟ بِضَٰعَتَهُمْ فِي رِحَالِهِمْ
لَعَلَّهُمْ يَعْرِفُونَهَآ إِذَا ٱنقَلَبُوٓا۟ إِلَىٰٓ أَهْلِهِمْ
لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ٦٢

62 Lan dhèwèké angandika marang batur-baturé: Dhuwité[1240] padha lebokna marang karungé, supaya yèn wis padha bali marang batihé, iku mengko padha diweruhana, supaya padha balia.

فَلَمَّا رَجَعُوٓا۟ إِلَىٰٓ أَبِيهِمْ قَالُوا۟ يَٰٓأَبَانَا مُنِعَ مِنَّا
ٱلْكَيْلُ فَأَرْسِلْ مَعَنَآ أَخَانَا نَكْتَلْ وَإِنَّا
لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ٦٣

63 Bareng wis padha bali marang bapakné padha matur: Dhuh bapak, taker, kula boten dipun kéngingaken, milanipun sadhèrèk kula mugi kadhawuhan tumut kula, (supados) kula sami angsal taker, saha kula saèstu ingkang badhé angreksa dhateng piyambakipun.

قَالَ هَلْ ءَامَنُكُمْ عَلَيْهِ إِلَّا كَمَآ أَمِنتُكُمْ عَلَىٰٓ

64 Calathuné: Aku ora bisa pitaya marang kowé kabèh ingatasé prakara dhèwèké, mundhak kaya anggonku pitaya marang kowé kabèh ingatasé prakara

1240. *Bidlâ'ah* punika ateges *barang dagangan*, utawi *sabagéaning raja darbèkipun satunggaling tiyang ingkang dipun lampahaken kanggé dadagangan* (S. LL) *Arta* punika ugi winastan *bidlâ'ah*, jalaran arta makaten pawitan ingkang kénging dipun lampahaken, kanggé dadagangan.

أَخِيهِ مِن قَبْلُ ۖ فَاللَّهُ خَيْرٌ حِفْظًا ۖ وَهُوَ
أَرْحَمُ الرَّاحِمِينَ ﴿٦٤﴾

saduluré dhèk biyèn; ananging Allah iku becik-beciké Juru-rumeksa, sarta Panjenengané iku luwih asih-asihé para kang padha asih.

وَلَمَّا فَتَحُوا مَتَاعَهُمْ وَجَدُوا بِضَاعَتَهُمْ
رُدَّتْ إِلَيْهِمْ ۖ قَالُوا يَا أَبَانَا مَا نَبْغِي ۖ هَٰذِهِ
بِضَاعَتُنَا رُدَّتْ إِلَيْنَا ۖ وَنَمِيرُ أَهْلَنَا وَنَحْفَظُ
أَخَانَا وَنَزْدَادُ كَيْلَ بَعِيرٍ ۖ ذَٰلِكَ كَيْلٌ يَسِيرٌ ﴿٦٥﴾

65 Lan bareng padha andhudhah barangé, tinemu, duwité padha dibalèkaké marang dhèwèké. Padha calathu: Dhuh Bapak! punapa (malih) ingkang kula sami ajeng-ajeng? Punika bandha kula ngriki kawangsulaken dhateng kula malih, sarta kula sami badhé angangsalaken gandum kulawarga kula, tuwin rumeksa sadhèrèk kula, saha badhé angsal wewah malih taker samomotaning unta; punika takeran mayar.

قَالَ لَنْ أُرْسِلَهُ مَعَكُمْ حَتَّىٰ تُؤْتُونِ مَوْثِقًا
مِّنَ اللَّهِ لَتَأْتُنَّنِي بِهِ إِلَّا أَن يُحَاطَ بِكُمْ ۖ
فَلَمَّا آتَوْهُ مَوْثِقَهُمْ قَالَ اللَّهُ عَلَىٰ مَا
نَقُولُ وَكِيلٌ ﴿٦٦﴾

66 Calathuné: Ora pisan dhèwèké bakal dak kon milu kowé, nganti kowé padha awèh prasetya marang aku kalawan asmaning Allah, yèn dhèwèké masthi bakal kogawa bali marang aku mréné, kajaba manawa kowé padha kinepung-wakul. Lah bareng wis padha awèh prasetyané marang dhèwèké, dhèwèké acalathu: Allah iku kang pinasrahan sabarang kang padha dakucapaké.

وَقَالَ يَا بَنِيَّ لَا تَدْخُلُوا مِن بَابٍ وَاحِدٍ
وَادْخُلُوا مِنْ أَبْوَابٍ مُّتَفَرِّقَةٍ ۖ وَمَا
أُغْنِي عَنكُم مِّنَ اللَّهِ مِن شَيْءٍ ۖ إِنِ الْحُكْمُ

67 Lan dhèwèké calathu: Dhuh, anak-anakku! aja kowé (kabèh) padha lumebu metu lawang siji, lan padha lumebua metu lawang séjé-séjé,[1241] *tur* tumraping Allah aku iki tanpa daya apa-apa marang kowé kabèh; pancasan iku mung

Ar. *lan*

1241. Sajakipun Kanjeng Nabi Ya'qub sampun uninga alantaran wahyuning Pangéran, bilih Kanjeng Nabi Yusuf wonten ing ngriku; milanipun panjenenganipun dhawuh dhateng putra-putra, supados sami lumebet konten ingkang sanès-sanès, perlunipun supados Kanjeng Nabi Yusuf saged kepanggih kaliyan sadhèrèkipun. Ayat candhakipun nyethakaken bab prakawis punika, dhawuhipun:

kagunganing Allah: marang Panjenengané sumarahku, lan marang Panjenengané sumarahé para kang padha sumarah.

إِلَّا لِلَّهِ ۖ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ ۖ وَعَلَيْهِ فَلْيَتَوَكَّلِ
الْمُتَوَكِّلُونَ ﴿٦٧﴾

68 Lan bareng wis padha malebu, kaya paréntahé bapakné ing dhèwèké, tumraping Allah iku tanpa daya apa-apa babar pisan marang dhèwèké kabèh, ananging (iku mung) pangajab ing jeroning jiwané Ya'qub kang katindakaké; lan sayekti dhèwèké iku temen wus duwé kawruh, amarga dhèwèké Ingsun paringi weruh, ananging akèh-akèhing manusa padha ora weruh.[1242]

وَلَمَّا دَخَلُوا مِنْ حَيْثُ أَمَرَهُمْ أَبُوهُمْ
مَا كَانَ يُغْنِي عَنْهُمْ مِنَ اللَّهِ مِنْ شَيْءٍ إِلَّا
حَاجَةً فِي نَفْسِ يَعْقُوبَ قَضَاهَا ۚ وَإِنَّهُ
لَذُو عِلْمٍ لِمَا عَلَّمْنَاهُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ
النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٦٨﴾

RUKU' 9

Sadhèrèk ingkang wuragil

69 Lan bareng wis padha lumebu marang panggonané Yusuf, saduluré dipondhokaké ing panggonané dhéwé kono, calathuné: Aku iki sadulurmu, mulané aja susah marang sabarang kang padha dilakoni.

وَلَمَّا دَخَلُوا عَلَىٰ يُوسُفَ آوَىٰ إِلَيْهِ أَخَاهُ
قَالَ إِنِّي أَنَا أَخُوكَ فَلَا تَبْتَئِسْ بِمَا
كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٦٩﴾

70 Lah bareng anggoné dhèwèké anyadhiyani gawané-pangan (para saduluré) wis sumadhiya, tuwung pangunjukan diseselaké ing karungé saduluré.[1243] Tumuli ana wong anguwuh-uwuh, panguwuhé:[1244] É,

فَلَمَّا جَهَّزَهُمْ بِجَهَازِهِمْ جَعَلَ السِّقَايَةَ
فِي رَحْلِ أَخِيهِ ثُمَّ أَذَّنَ مُؤَذِّنٌ أَيَّتُهَا

Lan sayekti dhèwèké iku temen wus duwé kawruh, amarga dhèwèké wus Ingsun paringi weruh. Leresing pratélan punika dipun kekahaken déning Mid. Rab tuwin Midr Yalkut. Mirsanana kateranganipun tuwan Rodwell.

1242. Cariyos ingkang kasebut ing Bébel nyitra Kanjeng Nabi Ya'qub boten uninga babar pisan bab prakawis punika.

1243. Cariyosipun Bébel nerangaken bilih ingkang neselaken gelas pangunjukan punika Kanjeng Nabi Yusuf. Nanging Quran boten mastani makaten wau. Sampun terang ingkang nyadhiyakaken tedha bebektanipun wau sanès Kanjeng Nabi Yusuf piyambak. Tiyang sanès, ingkang nindakaken dhawuh saha nyadhiyakaken bebektan tedha wau. Nitik ruku' ingkang sampun terang bilih ingkang nindakaken punika abdi-abdinipun Kanjeng Nabi Yusuf, sarta nalika Kanjeng Nabi Yusuf kepareng maringaken

1244. *Mirsanana kaca candhakipun.*

الْعِيرُ إِنَّكُمْ لَسَارِقُونَ ٧٠

wong untan-untan satemené kowé kabèh iku maling.

قَالُوا وَأَقْبَلُوا عَلَيْهِمْ مَاذَا تَفْقِدُونَ ٧١

71 Padha calathu kalawan angadhepaké dhèwèké kabéh: Sampéyan kécalan punapa?

قَالُوا نَفْقِدُ صُوَاعَ الْمَلِكِ وَلِمَنْ جَاءَ بِهِ حِمْلُ بَعِيرٍ وَأَنَا بِهِ زَعِيمٌ ٧٢

72 Padha mangsuli: Aku padha kélangan gelas pangunjukané Sang Prabu, lan sapa sing nemokaké mréné bakal olèh samomotaning unta, lan aku kang tanggung marang prakara iku.

قَالُوا تَاللَّهِ لَقَدْ عَلِمْتُمْ مَا جِئْنَا لِنُفْسِدَ فِي الْأَرْضِ وَمَا كُنَّا سَارِقِينَ ٧٣

73 Padha acalathu: Dhemi Allah, saèstu panjenengan temen sami sumerep, manawi anggèn kula sami dhateng mriki punika boten karana badhé adamel wisuna ing bumi, saha kula punika sami sanès pandung.

قَالُوا فَمَا جَزَاؤُهُ إِنْ كُنْتُمْ كَاذِبِينَ ٧٤

74 Calathuné: Lah apa bakal wawalesé prakara iki, manawa kowé padha wong goroh?

قَالُوا جَزَاؤُهُ مَنْ وُجِدَ فِي رَحْلِهِ فَهُوَ جَزَاؤُهُ ۚ كَذَٰلِكَ نَجْزِي الظَّالِمِينَ ٧٥

75 Aturé: Wewalesipun prakawis punika, inggih ing karungipun sinten pinanggihipun, punika ingkang badhé anyanggi wawalesipun; kados makaten manawi kula amidana titiyang atindak dèdè.

---

wangsul artanipun, panjenenganipun inggih cekap namung andhawuhaken punika dhateng abdi-abdinipun. Awit saking punika, mila ingkang neselaken gelas pangunjukan wonten ing karunging sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf punika mesthi inggih abdi-abdinipun Sang prabu (gelas pangunjukan wau kagunganipun sang prabu). Ing ngriki boten kasebutaken punapa ingkang makaten wau jaragan punapa margi saking kalèntu. Dhawuhing ayat punika kénging kasuraos kalih-kalihipun. Suprandéné jaragan pisan pun abdi anggènipun neselaken wau, saged ugi punika mengku kajeng minangka sih mirunggan dhateng “Bunyamin, sadhèrèk kakung ingkang sakalangkung dipun tresnani,” awit pun abdi sampun nyumerepi piyambak nalika pisowanipun ingkang sapisan, sadhèrèk sabendhoyot wau sami dipun rengkuh saé déning Kanjeng Nabi Yusuf, ngantos Kanjeng Nabi Yusuf dhawuh maringaken wangsul artanipun sarana kaseselaken dhateng karung-karungipun.

1244. Lepat malih manawi kakinten bilih tiyang ingkang nguwuh-uwuh punika inggih tiyang ingkang neselaken gelas pangunjukan wonten ing karung wau, Terang miturut ayat 72. gelas pangunjukan wau agemipun sang nata, dados sanès kagunganipun Kanjeng Nabi Yusuf piyambak, wangsul kagunganipun sang nata, utawi barang darbèkipun paréntah. Sarta ingih sampun terang, bilih tiyang ingkang ngedum gandum punika sanès malih kaliyan tiyang ingkang tinanggenah ing wajib ngrumati barang-barang kagunganipun sang prabu. Punika anedahaken bilih gelas pangunjukan wau anggènipun sumesel wonten ing karung, boten kanthi kajarag.

فَبَدَأَ بِأَوْعِيَتِهِمْ قَبْلَ وِعَاءِ أَخِيهِ ثُمَّ
اسْتَخْرَجَهَا مِن وِعَاءِ أَخِيهِ ۚ كَذَٰلِكَ كِدْنَا
لِيُوسُفَ ۖ مَا كَانَ لِيَأْخُذَ أَخَاهُ فِي دِينِ
الْمَلِكِ إِلَّا أَن يَشَاءَ اللَّهُ ۚ نَرْفَعُ دَرَجَاتٍ
مَّن نَّشَاءُ ۗ وَفَوْقَ كُلِّ ذِي عِلْمٍ عَلِيمٌ ﴿٧٦﴾

76 Banjur wiwit (aniti-priksa) karung-karungé sadurungé karungé saduluré;[1245] tumuli barangé diwetokaké saka karungé saduluré. Kaya mangkono anggon-Ingsun angrancang kanggo kaperluané Yusuf;[1246] ing dalem angger-anggeré Sang Prabu ora (kena) yèn ta dhèwèké anjupuka saduluré, kajaba manawa dadi kaparenging karsané Allah; Ingsun angunggahaké darajaté sapa kang dadi kaparenging karsa-Ningsun, sarta sadhuwuré sakèhé kang duwé kawruh iku Ingkang-Angudanèni.

قَالُوا إِن يَسْرِقْ فَقَدْ سَرَقَ أَخٌ لَّهُ مِن
قَبْلُ ۚ فَأَسَرَّهَا يُوسُفُ فِي نَفْسِهِ وَلَمْ
يُبْدِهَا لَهُمْ ۚ قَالَ أَنتُمْ شَرٌّ مَّكَانًا ۖ
وَاللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا تَصِفُونَ ﴿٧٧﴾

77 Padha calathu: Yèn dhèwèké (sing) nyolong (barang iku), lah saduluré biyèn iya nyolong;[1247] ananging iku sinidhem déning Yusuf ana ing sajroning *atiné*, lan ora diwedharaké marang dhèwèké. Calathuné: Kowé iku dumunung ing kahanan kang ala, lan Allah iku luwih anguningani marang barang kang padha sira ngucapaké.

Ar. *jiwané*

1245. *Saduluré*, terangipun: sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf. Ingkang makaten wau minangka ngaosi dhateng sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf ingkang satunggal wau awit titiyang ing ngriku sami sumerep bilih piyambakipun punika déning Kanjeng Nabi Yusuf kakarsakaken lerem kaliyan panjenenganipun.

1246. Miturut punika terang manawi punika sanès rancanganipun Kanjeng Nabi Yusuf, nanging rancanganipun Pangéran. Terangipun, lalampahan wau kadamel lantaran murih Kanjeng Nabi Yusuf saged kempal kaliyan sadhèrèkipun. Terang sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih Kanjeng Nabi Yusuf kepéngin sanget nyandhet sadhèrèkipun pun Bunyamin nalika ingkang raka-raka sami wangsul. Nanging nitik dhawuh candhakipun, manut pranatan nagari Mesir, Kanjeng Nabi Yusuf boten saged badhé nyandhet ingkang rayi wau. Lah margi wonten lalampahan wau, Kanjeng Nabi Yusuf kadumugèn karsanipun. Ing ngriki Kitab Quran paring wasita dhateng kula sami, kados pundi caranipun tiyang ingkang kebawah ing papréntahan sanès netepi angger-anggeripun papréntahan wau.

1247. Kacariyos ingkang dipun kajengaken makaten punika Kanjeng Nabi Yusuf, ingkang naté mendhet golèk pupujanipun ingkang éyang aluran saking ingkang ibu. Kula aturi mirsani Purwaning Dumados 31: 19: “Rakhèl banjur nyolong terafim duwéking bapakné.”

Para juru-kritik Nasrani mastani bilih ing ngriki cariyosipun Kanjeng Nabi Yusuf cawuh kaliyan cariyosipun Rakhèl. Nanging yektinipun boten wonten satunggal punapa ingkang nedahaken bilih Quran nganggep saèstu bilih Kanjeng Nabi Yusuf naté nyolong brahala. Ingkang langkung memper, para sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf sami damel katrangan dora perlu kanggé nutupi kawiranganipun piyambak. Wangsulanipun Kanjeng Nabi Yusuf ingkang makaten wau nandhakaken bilih panjenenganipun nganggep dora dhateng katranganipun ingkang raka-raka wau, awit para raka wau kapangandikakaken manawi *dumunung wonten ing kawontenan ingkang awon*.

78 Padha matur: Dhuh Sang Adipati! piyambakipun gadhah bapak, tiyang sepuh sanget, milanipun mugi kaparenga mundhut kula salah satunggal minangka lilintunipun; saèstu, panyawang kula, panjenengan punika golonganipun titiyang ingkang adamel kasaénan.

قَالُوا يَا أَيُّهَا الْعَزِيزُ إِنَّ لَهُ أَبًا شَيْخًا كَبِيرًا
فَخُذْ أَحَدَنَا مَكَانَهُ ۖ إِنَّا نَرَاكَ مِنَ
الْمُحْسِنِينَ ﴿٧٨﴾

79 Calathuné: Muga Allah aparing pangayoman marang aku, aja nganti aku anyekel sapa-sapa, kajaba kang *tinemu* kanggonan barangku, mundhak aku dadi wong anganiaya temenan.

Ar. *daktemu*

قَالَ مَعَاذَ اللَّهِ أَنْ نَأْخُذَ إِلَّا مَنْ وَجَدْنَا
مَتَاعَنَا عِنْدَهُ إِنَّا إِذًا لَظَالِمُونَ ﴿٧٩﴾

RUKU' 10

Kanjeng Nabi Yusuf amedhar sajatosipun sariranipun dhateng para sadhèrèk-sadhèrèkipun

80 Lah bareng wis padha ilang pangarep-arepé ing dhèwèké, padha mundur, padha apirembugan dhè-dhèwèkan. Kang tuwa dhéwé acalathu: Apa kowé padha ora weruh, yèn bapak wis mundhut prasetya kalawan asmaning Allah marang kowé kabèh, lan yèn ing biyèn kowé wis padha pépéka tumrap prakara Yusuf? Mulané ora pisan aku bakal ninggal nagara iki, nganti tumekané bapak aparing idin marang aku, utawa manawa Allah amancasi marang aku, lan Panjenengané iku Becik-beciké para kang padha amancasi:

فَلَمَّا اسْتَيْأَسُوا مِنْهُ خَلَصُوا نَجِيًّا ۖ قَالَ
كَبِيرُهُمْ أَلَمْ تَعْلَمُوا أَنَّ أَبَاكُمْ قَدْ أَخَذَ
عَلَيْكُمْ مَوْثِقًا مِنَ اللَّهِ وَمِنْ قَبْلُ مَا
فَرَّطْتُمْ فِي يُوسُفَ ۖ فَلَنْ أَبْرَحَ الْأَرْضَ
حَتَّىٰ يَأْذَنَ لِي أَبِي أَوْ يَحْكُمَ اللَّهُ لِي ۖ
وَهُوَ خَيْرُ الْحَاكِمِينَ ﴿٨٠﴾

81 Padha balia marang *dalemé bapak*, banjur padha matura: Dhuh bapak! saèstu ingkang putra (anglampahi nyolong), saha boten liya kula kajawi namung sami aneksèni punapa ingkang sami kula sume-

Ut. *bapakmu*

ارْجِعُوا إِلَىٰ أَبِيكُمْ فَقُولُوا يَا أَبَانَا إِنَّ
ابْنَكَ سَرَقَ ۚ وَمَا شَهِدْنَا إِلَّا بِمَا عَلِمْنَا

وَمَا كُنَّا لِلْغَيْبِ حٰفِظِيْنَ ﴿٨١﴾

rep, saha boten saged kula sami angawat-awati dhateng ingkang boten katingal:

وَسْـَٔلِ الْقَرْيَةَ الَّتِيْ كُنَّا فِيْهَا وَالْعِيْرَ الَّتِيْٓ اَقْبَلْنَا فِيْهَا ۗ وَاِنَّا لَصٰدِقُوْنَ ﴿٨٢﴾

82 Saha mugi Panjenengan andangu ing salebetipun nagari ing pundi ingkang sami kula ambah tuwin untan-untan sarengan kula lumampah, sarta saèstu kula punika sami temen.

قَالَ بَلْ سَوَّلَتْ لَكُمْ اَنْفُسُكُمْ اَمْرًا ۗ فَصَبْرٌ جَمِيْلٌ ۗ عَسَى اللّٰهُ اَنْ يَّأْتِيَنِيْ بِهِمْ جَمِيْعًا ۗ اِنَّهٗ هُوَ الْعَلِيْمُ الْحَكِيْمُ ﴿٨٣﴾

83 Dhèwèké acalathu: Ora, jiwamu anganggep sawijining prakara ènthèng tumrapé kowé, mulané sabar iku becik; manawa-manawa Allah anekakaké dhèwèké kabèh marang aku; sayekti Panjenengané iku Ingkang-Angudanèni, Ingkang-Wicaksana.

وَتَوَلّٰى عَنْهُمْ وَقَالَ يٰٓاَسَفٰى عَلٰى يُوْسُفَ وَابْيَضَّتْ عَيْنٰهُ مِنَ الْحُزْنِ فَهُوَ كَظِيْمٌ ﴿٨٤﴾

Ar. *dhèwèké kabèh*

84 Lan dhèwèké maléngos saka *anak-anaké* sarta acalathu: Dhuh kasusahanku tumrap si Yusuf! Sarta mripaté angembeng (luh)[1248] amarga saka susahé lan dhèwèké angempet (susahé).

قَالُوْا تَاللّٰهِ تَفْتَؤُا تَذْكُرُ يُوْسُفَ حَتّٰى تَكُوْنَ حَرَضًا اَوْ تَكُوْنَ مِنَ الْهٰلِكِيْنَ ﴿٨٥﴾

85 Padha acalathu: Dhemi Allah! panjenengan boten badhé kèndel[1249] angènget-ènget Yusuf, ngantos panjenengan dhumawah dipun lud ing sakit,[1250] utawi (ngantos) panjenengan kalebet golonganipun titiyang ingkang tiwas.

1248. *Ibyadldla* lan *bayyadla* punika mèh sami tegesipun. Tumrap *bayyadla* wonten tuladhanipun ukara بيض السقاء tegesipun *amla'ahu* jawinipun *ngisèni greba nganti kebak* (greba punika wacucal ménda ingkang kanggé wadah toya. *Vert*.). *Bayyadlahu* ugi ateges *afragahu*, jawinipun *ngothongi* (TA). LL ugi kados makaten punika anggènipun negesi tembung wau. I'Ab ugi, anggènipun anjarwani tembung wau *mripat ngembeng luh* (Rz), Cariyos ingkang nerangaken Kanjeng Nabi Ya'qub wuta margi sungkawa déning kécalan Kanjeng Nabi Yusuf kénging katulak, awit ingkang dipun anggé waton cariyos wau ngemungaken tembung punika.

1249. Tembung *tafta'u* ing ngriki pancènipun mungel *lâ tafta'u*, nanging *lâ*-nipun boten kasebutaken (Rz).

1250. Miturut Q *haradl* punika ateges: *tiyang ingkang wonten ing kawontenan sakit* dados: *tiyang ingkang boten kénging dipun ajeng-ajeng saénipun*, nanging inggih boten perlu dipun kuwatosaken

86 Calathuné: Aku mung asa-sambat kasusahanku lan prihatinku marang Allah, lan aku weruh saka ing Allah barang kang kowé padha ora weruh.[1251]

قَالَ إِنَّمَآ أَشْكُوا بَثِّي وَحُزْنِيٓ إِلَى اللّٰهِ
وَأَعْلَمُ مِنَ اللّٰهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٨٦﴾

87 O, anak-anakku! padha mangkata lan angupayaa katrangan prakara Yusuf lan saduluré, sarta aja padha pedhot pangarep-arepmu marang wilasaning Allah; sayekti, ora ana wong pedhot pangarep-arepé marang wilasaning Allah kajaba wong kang padha kafir.

يٰبَنِيَّ اذْهَبُوا فَتَحَسَّسُوا مِنْ يُّوسُفَ وَأَخِيهِ
وَلَا تَاْيْـَٔسُوا مِنْ رَّوْحِ اللّٰهِ ۚ إِنَّهُ لَا يَاْيْـَٔسُ
مِنْ رَّوْحِ اللّٰهِ إِلَّا الْقَوْمُ الْكٰفِرُونَ ﴿٨٧﴾

88 Bareng wis padha marek dhèwèké, padha matur: Dhuh Sang Adipati! kasrakat andhawahi kula saha kulawarga kula, sarta dhateng kula ambeta arta sakedhik; milanipun mugi kula kaparingan taker ingkang jangkep saha ingkang loma dhateng kula; saèstu Allah punika amales para titiyang ingkang loma.

فَلَمَّا دَخَلُوا عَلَيْهِ قَالُوا يٰٓأَيُّهَا الْعَزِيزُ
مَسَّنَا وَأَهْلَنَا الضُّرُّ وَجِئْنَا بِبِضٰعَةٍ
مُّزْجٰىةٍ فَأَوْفِ لَنَا الْكَيْلَ وَتَصَدَّقْ
عَلَيْنَا ۚ إِنَّ اللّٰهَ يَجْزِي الْمُتَصَدِّقِينَ ﴿٨٨﴾

89 Calathuné: Apa kowé padha aweruh, kapriyé panggawému marang Yusuf lan saduluré nalika kowé padha bodho?

قَالَ هَلْ عَلِمْتُمْ مَّا فَعَلْتُمْ بِيُوسُفَ
وَأَخِيهِ إِذْ أَنْتُمْ جٰهِلُونَ ﴿٨٩﴾

90 Padha matur: Punapa panjenengan punika saèstu Yusuf? Calathuné: Aku Yusuf, lan iki sadulurku; temen Allah welas marang aku; sayekti, sapa sing prayitna (saka ing ala) sarta sabar – lah sayekti, Allah iku ora angilangaké ganjarané para wong kang atindak becik.

قَالُوٓا أَءِنَّكَ لَأَنْتَ يُوسُفُ ۖ قَالَ أَنَا
يُوسُفُ وَهٰذَآ أَخِي ۖ قَدْ مَنَّ اللّٰهُ عَلَيْنَآ ۖ
إِنَّهُ مَنْ يَّتَّقِ وَيَصْبِرْ فَإِنَّ اللّٰهَ لَا
يُضِيعُ أَجْرَ الْمُحْسِنِينَ ﴿٩٠﴾

---

awonipun. Mila tembung wau ugi kanggé nembungaken: *tiyang ingkang andungkap badhé pejah*. Tembung punika ugi ateges: *tiyang ingkang dhawah ngantos boten saged tangi malih* (TA), utawi tiyang ingkang nandhang sakit ajegan (Az-LL). Lah punika sajakipun tegesipun tembung wau ing ngriki.

1251. Punika nedahaken kalayan terang, bilih lantaran wahyuning Pangéran Kanjeng Nabi Ya'qub uninga bilih Kanjeng Nabi Yusuf taksih sugeng.

91 Padha calathu: Dhemi Allah! sayekti temen saiki Allah wus amilih kowé angungkuli aku kabèh, lan sayekti aku iki padha wong dosa.

قَالُوا تَاللَّهِ لَقَدْ آثَرَكَ اللَّهُ عَلَيْنَا وَإِنْ كُنَّا لَخَاطِئِينَ ۝٩١

92 Calathuné: Ing dina iki wis ora (bakal ana) panutuh marang kowé kabèh;[1252] muga Allah angapura marang kowé kabèh, lan Panjenengané iku luwih Welas-welasé kang padha welas.

قَالَ لَا تَثْرِيبَ عَلَيْكُمُ الْيَوْمَ ۖ يَغْفِرُ اللَّهُ لَكُمْ ۖ وَهُوَ أَرْحَمُ الرَّاحِمِينَ ۝٩٢

93 Padha mangkata, klambiku iki gawanen, banjur sèlèhna ing ngarsané bapak,[1253] panjenengané bakal pirsa[1254] sarta tekaa marang aku mréné karo kulawargamu kabèh.

اذْهَبُوا بِقَمِيصِي هَٰذَا فَأَلْقُوهُ عَلَىٰ وَجْهِ أَبِي يَأْتِ بَصِيرًا وَأْتُونِي بِأَهْلِكُمْ أَجْمَعِينَ ۝٩٣

RUKU' 11

Israil dhateng Mesir

94-101. Kanjeng Nabi Ya'kub wonten ing Mesir. 102—104. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Yusuf kalampahan malih wonten ing sugengipun Kanjeng Nabi.

1252. Hadits ing ngandhap punika, nedahaken bilih Kanjeng Nabi Suci nganggep cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi Yusuf punika minangka piweca ingkang mralambangi kawontenan ingkang badhé dipun sandhang. Dipun riwayataken ing dinten nalika bedhahipun nagari Makkah, Kanjeng Rasulullah Shallallahu 'alaihi wasallam ngasta sisihing kontenipun Ka'bah sarta ngandika dhateng para titiyang Quraisy: kapriyé pangiramu, apa kang bakal daktindakaké marang kowé kabèh'? Aturipun para titiyang Quraisy: Kasaénan, dhuh sadhèrèk ingkang minulya saha putraning sadhèrèk ingkang minulya. Kanjeng Nabi lajeng ngandika: Aku kandha kaya kandhané sadulurku Yusuf: "Ing dina iki wis ora bakal ana panutuh marang kowé kabèh" (Rz).

1253. على وجه ابى punika kénging dipun tegesi *ing ngarsaning wadanane bapak utawi ing ngarsané bapak*, awit *wajh* punika ugi ateges *dhat*, utawi *jejer*, sarta rèhning wadana makaten péranganing badan ingkang minulya piyambak, mila lajeng dipun anggé nembungaken tiyang ing sagemblengipun. Kanjeng Nabi Yusuf maringaken rasukan, punika kanthi mengku karsa nyasmitani pangakenipun dora para raka-rakanipun, duk nalika sami nglèlèti rah agemipun rasukan kanggé amblubuk ingkang rama, bilih Kanjeng Nabi Yusuf kamangsa ing segawon ajag.

1254. Tembung يات بصيرا punika boten mratandhani bilih Kanjeng Nabi Ya'qub ing suwau wuta lajeng saged mirsa margi wadananipun kausapan agemipun rasukan Kanjeng Nabi Yusuf. *Bashîr* punika kajawi ateges *tiyang ingkang saged ningali barang-barang kalayan mripatipun,* ugi ateges *tiyang ingkang gadhah akal utawi tiyang ingkang sinung pangretosan* (S, M, A, Q, Msb-LL). انا بصير به tegesipun *Aku mangerti bab prakara iku* (Msb-LL). Déné ingkang dipun karsakaken, samangsa Kanjeng Nabi Ya'qub pirsa agemipun rasukan Kanjeng Nabi Yusuf, panjenenganipun mesthi badhé uninga kalayan genah papan padununganipun Kanjeng Nabi Yusuf; awit sanadyan alantaran wahyuning Pangéran panjenenganipun sampun mangertos bilih Kanjeng Nabi

94 Bareng untan-untan wis mangkat, bapakné calathu: Sayekti, aku weruh kaagungané Yusuf, lamun kowé ora angarani aku kendho ing akal.[1255]

وَلَمَّا فَصَلَتِ الْعِيرُ قَالَ أَبُوهُمْ إِنِّي لَأَجِدُ رِيحَ يُوسُفَ لَوْلَا أَنْ تُفَنِّدُونِ ﴿٩٤﴾

95 Padha calathu: Dhemi Allah, saèstu panjenengan punika dumunung wonten ing sasar panjenengan kala rumiyin.

قَالُوا تَاللَّهِ إِنَّكَ لَفِي ضَلَالِكَ الْقَدِيمِ ﴿٩٥﴾

96 Lah bareng kang anggawa kabar bungah teka, disèlèhaké ing
a. 1253 ngarepé,[a] lah dhèwèké dadi yakin.[b]
b. 1254 Calathuné: Apa aku ora kandha marang kowé, yèn aku weruh saka ing Allah barang kang kowé padha ora weruh?

فَلَمَّا أَنْ جَاءَ الْبَشِيرُ أَلْقَاهُ عَلَىٰ وَجْهِهِ فَارْتَدَّ بَصِيرًا ۖ قَالَ أَلَمْ أَقُلْ لَكُمْ إِنِّي أَعْلَمُ مِنَ اللَّهِ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٩٦﴾

97 Padha calathu: Dhuh bapak, mugi panjenengan nyuwunaken pangapunten kula ing kalepatan kula; saèstu kula punika sami tiyang dosa.

قَالُوا يَا أَبَانَا اسْتَغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا إِنَّا كُنَّا خَاطِئِينَ ﴿٩٧﴾

98 Calathuné: Aku bakal nyuwunaké pangapura kowé marang Pangéranku; sayekti, Panjenengané iku Ingkang-Aparamarta, Ingkang-Mahaasih.

قَالَ سَوْفَ أَسْتَغْفِرُ لَكُمْ رَبِّي ۖ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ﴿٩٨﴾

99 Lah bareng wis padha marek marang Yusuf, para wong tuwané padha dipapanaké ing panggonané karo calathu: Sumangga sami lumebet ing Mesir kalayan aman, manawi dados kaparengipun Allah.[1256]

فَلَمَّا دَخَلُوا عَلَىٰ يُوسُفَ آوَىٰ إِلَيْهِ أَبَوَيْهِ وَقَالَ ادْخُلُوا مِصْرَ إِنْ شَاءَ اللَّهُ آمِنِينَ ﴿٩٩﴾

Yusuf taksih sugeng, nanging panjenenganipun boten mangertos wonten pundi pamanggènipun Kanjeng Nabi Yusuf ingkang saèstu.

1255. Nalika untan-untan ingkang ambekta para rakanipun Kanjeng Nabi Yusuf bidhal saking Mesir, Kanjeng Nabi Ya'qub tampi katamtuan malih saking ngarsanipun Pangéran bab prakawis Kanjeng Nabi Yusuf, mila panjenenganipun saged ngandika kaliyan titiyang ingkang celak kaliyan panjenenganipun, bilih panjenenganipun ngraosaken panguwaosipun Kanjeng Nabi Yusuf, liripun panjenenganipun uninga bilih Kanjeng Nabi Yusuf punika tiyang ingkang sinung panguwaos. Tembung

1256. *Mirsanana kaca candhakipun.*

وَرَفَعَ اَبَوَيْهِ عَلَى الْعَرْشِ وَخَرُّوْا لَهٗ
سُجَّدًا ۚ وَقَالَ يٰٓاَبَتِ هٰذَا تَأْوِيْلُ
رُءْيَايَ مِنْ قَبْلُ ۖ قَدْ جَعَلَهَا رَبِّيْ
حَقًّا ۗ وَقَدْ اَحْسَنَ بِيْٓ اِذْ اَخْرَجَنِيْ مِنَ
السِّجْنِ وَجَاۤءَ بِكُمْ مِّنَ الْبَدْوِ مِنْۢ بَعْدِ
اَنْ نَّزَغَ الشَّيْطٰنُ بَيْنِيْ وَبَيْنَ اِخْوَتِيْ ۗ
اِنَّ رَبِّيْ لَطِيْفٌ لِّمَا يَشَاۤءُ ۗ اِنَّهٗ هُوَ
الْعَلِيْمُ الْحَكِيْمُ ﴿١٠٠﴾

100 Lan dhèwèké angunggahaké wong tuwané loro marang dhampar[1257] lan padha tumundhuk sujud *marang*[1258] dhèwèké, sarta calathu: Dhuh bapak! punika wahananipun supenan kula kala rumiyin punika; saèstu punika kadadosaken kanyataan déning Pangéran kula; saèstu Panjenenganipun sampun adamel saé dhateng kula, nalika Panjenenganipun angedalaken kula saking kunjara saha angedalaken panjenengan sadaya saking saganten wedhi ing sasampunipun sétan anyebar cocongkrahan antawisipun kula *kaliyan* para sadhèrèk kula; saèstu Pangéran kula punika alus tumrap sinten ingkang dados kaparenging karsa-Nipun; saèstu, Panjenenganipun punika Ingkang-Angudanéni, Ingkang-Wicaksana.

Ut. *amarga saka*

Ar. *lan antawisipun*

رَبِّ قَدْ اٰتَيْتَنِيْ مِنَ الْمُلْكِ وَعَلَّمْتَنِيْ
مِنْ تَأْوِيْلِ الْاَحَادِيْثِ ۚ فَاطِرَ السَّمٰوٰتِ

101 Pangéran kawula! Tuwan sampun amaringi karaton dhateng kawula saha sampun amulang kawula prakawis pradikaning wicara; Ingkang-Anitahaken langit-

---

rîh punika ateges *angin* tuwin *panguwaos* (LL). Awit saking punika tembung wau kula jarwani: kaagungan.

1252. Leah punika bakyunipun Rakhel sarta garwanipun Kanjeng Nabi Ya'qub (Purwaning Dumados 29: 16-28). Pratélanipun ayat punika boten cengkah kaliyan wutah gumelaring kawontenan déné nalika wekdal wau Rakhèl sampun séda; awit badhéa kados punapa, Léah punika tetep ibunipun Kanjeng Nabi Yusuf, inggih punika sadhèrèkipun èstri ingkang ibu sarta garwanipun ingkang rama.

1257. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki mesthi kémawon sanès dhampar-keprabon, awit Kanjeng Nabi Yusuf piyambak punika boten nglenggahi dhampar-keprabon. Déné ingkang dipun karsakaken, Kanjeng Nabi Yusuf nglenggahaken rama ibunipun wonten ing papan palenggahanipun piyambak ingkang inggil; utawi saged ugi tegesipun punika Kanjeng Nabi Yusuf mrenahaken rama ibunipun wau wonten ing panggènan ingkang saé. Kula aturi mirsani Purwaning Dumados 47: 11: Yusuf tumuli amranata pamanggèné Ya'qub lan para putra padha kaeduman ebèk bumi ana ing tanah papethingané Mesir."

1258. Dhawuh punika boten nyebutaken kanthi ceplos sinten ingkang tumundhuk sujud punika. Saged ugi punika titiyang Mesir ingkang tumundhuk sujud dhateng Kanjeng Nabi Yusuf, inggih punika minangka pratandha ngurmati kaagunganipun. Boten perlu cacahipun tiyang ingkang tumundhuk sujud punika sami plek kaliyan cacahipun lintang-lintang ing supenanipun Kanjeng Nabi Yusuf. Déné supena wau, namung mengku teges bilih Kanjeng Nabi Yusuf badhé kasengkakaken ing ngaluhur. Utawi saged ugi ayat punika mengku teges, nalika raina ibunipun Kanjeng Nabi Yusuf saha para rakanipun sami

وَالْأَرْضِ أَنْتَ وَلِيِّي فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ ۖ تَوَفَّنِي مُسْلِمًا وَأَلْحِقْنِي بِالصَّالِحِينَ ﴿١٠١﴾

langit lan bumi! Tuwan punika Pangayoman kawula ing donya tuwin akhirat; mugi keparengaken pejah kawula *pejahipun Muslim* saha mugi kawula Tuwan kempalaken kaliyan para tiyang tulus.

Ut. *ing dalem sumarah (ing Tuwan)*

ذَٰلِكَ مِنْ أَنْبَاءِ الْغَيْبِ نُوحِيهِ إِلَيْكَ ۖ وَمَا كُنْتَ لَدَيْهِمْ إِذْ أَجْمَعُوا أَمْرَهُمْ وَهُمْ يَمْكُرُونَ ﴿١٠٢﴾

102 Iki kalebu pawarta-pawarta prakara kang ora katon, (kang) Ingsun wedhar marang kowé, lan kowé ora nungkuli dhèwèké nalikané padha amutusi prakarané lan padha angrancang paékan.[1259]

وَمَا أَكْثَرُ النَّاسِ وَلَوْ حَرَصْتَ بِمُؤْمِنِينَ ﴿١٠٣﴾

103 Lan akèh-akèhé manusa ora bakal padha pracaya sanajan banget kapénginira.

---

nyumerepi kaagunganipun Kanjeng Nabi Yusuf, lajeng sami tumindak sujud dhateng Gusti Allah margi saking Kanjeng Nabi Yusuf.

1259. Saèstu anggumunaken sanget manawi sabab wontenipun dhawuh punika, tuwan-tuwan sabangsa tuwan Rodwell tuwin Muir mintonaken raosipun panggething dhateng Kanjeng Nabi Suci Muhammad. Tuwan Rodwell nyebutaken makaten: “Sampun kénging katamtokaken Muhammad nalika ing wekdal punika – inggih punika nalika piyambakipun nyithak saha ambesut cariyos punika – anjarag api-api lan apus-apus, manawi punika mijil saking ilham ingkang katampi, déning piyambakipun (nadyan ing wasananipun kanyataan, bilih anggènipun migunakaken sarana wau sampun keleresan sanget).” Tetembungan makaten punika manawi boten tuwuh saking pakarti awon, inggih tuwuh saking kabodhoan ingkang sakalangkung sanget. Sampun katerangaken ing ngajeng, bilih saben Quran mentas nyariyosaken lalampahan ingkang kasandhang déning mengsah-mengsahipun satunggaling nabi, lajeng kémawon santun ingkang karembag, sarwi nyasmitani bilih pidana sajinis punika wau kasadhiyakaken kanggé para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad. *Ing sageblengipun Quran Suci, anbâ'u-l-gaib, utawi pawarta-pawarta prakara kang ora katon punika boten kok ateges babad lalampahanipun para andika Nabi ingkang sampun-sampun duk ing kina, nanging ateges kalampahanipun malih lalampahan wau wonten ing sugengipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad.* Minangka conto, cariyos punika. Babad lalampahanipun Kanjeng Nabi Yusuf ing samangké punika, ing ayat ingkang sampun dipun wekasi kalayan donga panyuwunipun Kanjeng Nabi Yusuf, supados sédanipun kagolong èwonipun para titiyang tulus; lah ing ayat punika wonten larasanipun akaliyan lalampahan saminipun punika ingkang dhumawah utawi mesthi kasandhang déning Kanjeng Nabi Suci. Sampun katerangaken ing ngajeng, bilih nabi kakalih punika, lalampahaning sugengipun sanget anggènipun serupi. Dhawuh ingkang mungel: “Nalikané padha amutusi prakarané lan padha angrancang paékan,” punika mengku karsa mangandikakaken putusan saya paékanipun para titiyang Quraisy badhé *nyédani* utawi *nundhung* utawi *ngunjara ing Kanjeng Nabi* (mirsana 8: 30, ing ngriku ugi tembung *yamkurun* ingkang kanggé nembungaken paékan punika). Ayat kakalih candhakipun sarta sageblenging ruku' sambetipun, anedahaken kalayan langkung terang malih, bilih santunipun bab ingkang karembag punika sampun naté dipun bukani ing ngajeng. Kitab Quran ngandharaken cacriyosan-cacriyosan, punika boten kok karana mligi andhorèngaken kawontenan ing wekdal ingkang sampun, nanging supados piwulang ingkang kawengku ing dalem cacriyosan-cacriyosan wau dadosa tuntunan ing wekdal ingkang badhé dhateng tumrap para manusa. Lah inggih awit saking punika déné kathah riricikaning cariyos saha péranganing cariyos ingkang panjang-panjang, boten kasebutaken, kosokwangsulipun tarkadhang lalampahan ingkang sajakipun katingal sapélé kasebutaken, margi lalampahan ingkang sapélé wau wonten sasambetanipun kaliyan wekdal ingkang badhé dhateng, jer sanèsipun boten. Kula aturi nyundhukaken kaliyan 421, 1185, tuwin 1212.

104 Lan ingatasé iki sira ora anjaluk pituwas marang dhèwèké padha; iku ora liya kajaba pépéling tumrap saindhenging kamanusan.

وَمَا تَسْـَٔلُهُمْ عَلَيْهِ مِنْ اَجْرٍؕ اِنْ هُوَ
اِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعٰلَمِيْنَ ﴿١٠٤﴾

RUKU' 12

Wuwulang tumrap para ingkang milawani Kanjeng Nabi ing dalem lalampahanipun para nabi ingkang rumiyin-rumiyin

105 Lan wis sapira kèhé tandha-tandha ing langit-langit lan bumi, kang dhèwèké wis padha angliwati; éwadéné padha maléngos saka ing kono.

وَكَاَيِّنْ مِّنْ اٰيَةٍ فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ
يَمُرُّوْنَ عَلَيْهَا وَهُمْ عَنْهَا مُعْرِضُوْنَ ﴿١٠٥﴾

106 Lan dhèwèké iku akèh-akèhé padha ora angèstu ing Allah *tanpa* anyakuthokaké liyané (karo Panjenengané).

وَمَا يُؤْمِنُ اَكْثَرُهُمْ بِاللّٰهِ اِلَّا
وَهُمْ مُّشْرِكُوْنَ ﴿١٠٦﴾

Ar. *kajaba padha*

107 Lah apa ta dhèwèké padha rumasa aman, manawa ana siksaning Allah kang anglimputi anekani marang dhèwèké, utawa (manawa) mangsané tanpa cacala anekani dhèwèké kang sarta dhèwèké padha ora anggraita?

اَفَاَمِنُوْٓا اَنْ تَاْتِيَهُمْ غَاشِيَةٌ مِّنْ عَذَابِ اللّٰهِ
اَوْ تَاْتِيَهُمُ السَّاعَةُ بَغْتَةً وَّهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ﴿١٠٧﴾

108 Calathua: Iki dalanku, aku anguwuh marang Allah kalawan yakin,[a] aku lan para kang padha manut aku, lan Mahasuci Allah, sarta ora pisan aku iki golongané para mangro tingal.

قُلْ هٰذِهٖ سَبِيْلِىْٓ اَدْعُوْٓا اِلَى اللّٰهِ عَلٰى بَصِيْرَةٍ
اَنَا وَمَنِ اتَّبَعَنِىْؕ وَسُبْحٰنَ اللّٰهِ وَمَآ اَنَا
مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ﴿١٠٨﴾

a. 1254

109 Lan Ingsun wus utusan ing sadurungira ora liya kajaba wong-wong lanang (unusan saka) wong-ing kutha-kutha, (kang) padha Ingsun wedhari sabda. Lah apa ta padha ora lalaku ing bumi sarta padha andeleng kapriyé kawusanané para wong ing sadurungé? Lan sayekti, padunungan akhirat para kang padha *bekti* luwih becik; lah apa ta kowé padha ora mangerti?

وَمَآ اَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ اِلَّا رِجَالًا نُّوْحِىْٓ
اِلَيْهِمْ مِّنْ اَهْلِ الْقُرٰىؕ اَفَلَمْ يَسِيْرُوْا فِى
الْاَرْضِ فَيَنْظُرُوْا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِيْنَ
مِنْ قَبْلِهِمْؕ وَلَدَارُ الْاٰخِرَةِ خَيْرٌ لِّلَّذِيْنَ
اتَّقَوْاؕ اَفَلَا تَعْقِلُوْنَ ﴿١٠٩﴾

Ut. *anjaga dhiri saka ing ala*

110 Nganti tumeka samangsané para utusan pedhot pangarep-arepé
Ar. *dhèwèké* sarta *para kang milawani* rumasa yakin yèn awaké nyata padha digorohi, pitulung-Ingsun tumeka marang dhèwèké, sarta sinalametaké sapa kang dadi kaparenging karsa-Ningsun; lan siksa-Ningsun ora kena ditulak saka wong-wong kang duraka.[1260]

حَتّٰىٓ اِذَا اسْتَيْـَٔسَ الرُّسُلُ وَظَنُّوْٓا اَنَّهُمْ
قَدْ كُذِبُوْا جَآءَهُمْ نَصْرُنَا ۙ فَنُجِّيَ مَنْ
نَّشَآءُ ؕ وَلَا يُرَدُّ بَأْسُنَا عَنِ الْقَوْمِ الْمُجْرِمِيْنَ ﴿١١٠﴾

111 Sayekti temen, ing sajroning carita lalakoné, ana wuwulangé tumrap wong-wong kang duwé akal. Iku dudu carita kang dianggit-anggit, ananging minangka ambeneraké apa kang ana ing
a. 70 ngarepé[a] sarta panerang-awijang marang samubarang, apa déné tuntunan tuwin wilasa tumrap wong-wong kang padha angèstu.

لَقَدْ كَانَ فِيْ قَصَصِهِمْ عِبْرَةٌ لِّاُولِى الْاَلْبَابِ ؕ
مَا كَانَ حَدِيْثًا يُّفْتَرٰى وَلٰكِنْ تَصْدِيْقَ
الَّذِيْ بَيْنَ يَدَيْهِ وَتَفْصِيْلَ كُلِّ
شَيْءٍ وَّهُدًى وَّرَحْمَةً لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ﴿١١١﴾

1260. Manawi klèntu anggènipun nyuraos *dlamiripun*, saged ambibrahaken suraosipun dhawuh punika. Para rasul sami memèngeti umatipun, nanging umatipun sami ambeguguk nguthawaton ngantos ing wasananipun para rasul wau sami telas pangajeng-ajengipun umatipun angsal paédah saking pèpèngetipun wau. Kosokwangsulipun, margi dhumawahing siksa taksih dipun sumenekakèn, pun umat yakin, bilih pèpènget tuwin badhé dhumawahipun siksa kados ingkang kadhawuhaken dhateng piyambakipun déning para rasul wau goroh. Lah ing wekdal punika, pitulung dhateng para nabi ingkang sampun kajanjèkaken, dhateng makaten ugi siksa ingkang sampun kaancamaken dhateng para tukang nindakipun pandamel awon, dhumawah. Para andika nabi, punika boten naté kapedhotan pengajeng-ajeng dhateng pitulunging Pangéran, ingkang miturut janjining Pangéran mesthi badhé kaparingaken dhateng panjenenganipun. Bab punika sampun kadhawuhaken wonten ing ayat 87: "Sayekti, ora ana wong pedhot pangarep-arepé marang wilasaning Allah kajaba wong kang padha kafir."

سُورَةُ الرَّعْدِ مَدَنِيَّةٌ (١٣)

SURAT 13

AR-RA'D

(*Baledhèg*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(6 *ruku'*, 43 *ayat)*

Pathinipun:

Ruku' 1. Kayektèning wahyunipun Pangéran.
Ruku' 2. Panyuwunan Siksa.
Ruku' 3. Katulusan wonten ganjaranipun, panerak badhé angsal wawales awon.
Ruku' 4. Pangéram-éramipun Quran Suci.
Ruku' 5. Panglawan badhé cabar.
Ruku' 6. Tansah majeng-majengipun Yakti.

Irah-irahanipun

Surat punika kanamakaken *Baledhèg*, pipiridan saking jawah ingkang asring kanggé nyanépakaken wahyuning Pangéran ing dalem Quran. Jawah punika nugraha saking Allah, lah makaten ugi wahyuning Pangéran. Éwadéné, boten prabéda lan jawah punika sinartan ing bledhèg lan kilat-thathit ingkang maliweran, makaten ugi wahyuning Pangéran inggih sinartan ing pèpènget dhumawahing siksa, sanajan ta maksudipun ingkang sajati punika badhé mamrih saénipun. Dados namanipun surat punika sampun saged suka sasmita dhateng kula sami bab-bab ingkang kawarsitakaken. Sampun samesthinipun surat punika amarsitakaken bab siksanipun para tiyang duraka, nanging inggih sampun ngantos klèntu panganggep, kakinten manawi siksa ingkang kasedya ing wahyuning Pangéran.

Gathukipun suraos lan bab ingkang kawarsitakaken

Surat punika marsitakaken kayektèning wahyunipun Pangéran, sarta minangka nyambeti cariyos lalampahan ing kina ingkang kasebut ing surat ingkang sampun kapengker, surat punika lajeng mangandikakaken nasib ingkang kasandhang déning para mengsahipun Kanjeng Nabi. Bab tatanan urut-urutaning ayatipun surat punika, ingkang rumiyin piyambak anerangaken kayektèning wahyunipun Pangéran, sarta anerangaken tandha yekti pinten-pinten ingkang gumelar wonten ing sagung dumados, ingkang suka pasaksèn ing kayektènipun wahyu wau; nanging para tiyang kafir sami boten marem dhateng tandha yekti wau, milanipun lajeng sami nantang nyuwun dipun dhawahi siksa ingkang sampun kaancamaken, inggih punika siksa ingkang mesthinipun badhé dados bebahanipun. Ruku' ingkang kaping kalih isi dhawuh wangsulan dhateng panyuwun punika. Manut angger-angger ingkang sampun tumindak, wonten bangsa utawi umat ingkang tuwuh, wonten ingkang sirna; sirnanipun para manembah brahala-brahala lan mumbulipun kaum Muslimin, punika badhé katindakaken manut wawatoning angger-angger wau. Lah ing ngriki punika pèpènget kasanépakaken kaliyan bledhèg, wahyuning Pangéran kados déné tiyang kepéngin kasamber ing gelap, mangka leresipun makaten tiyang punika kepéngin angsal piguna saking jawah. Ing ruku' ingkang kaping tiga para kafir kadhawuhan bilih Pangéran punika boten asifat pilih-asih, wonten kawula ingkang dipun sihi, wonten ingkang dipun gethingi. Déné manawi katulusan ngangsalaken ganjaran, murang-yekti teterusan mesthi badhé wonten wohipun ingkang boten sakéca, punika sampun laras kaliyan angger-anggeripun Pangéran. Kados pundi déné para titiyang wau saben-saben nedha kaparingan pangéram-éram saking jawi? Ing ruku' ingkang kaping sakawan kapangandikakaken manawi pangéram-éram ingkang asring karembag punika pangéram-éram ingkang tumindak wonten ing salebetipun tiyang piyambak. Raos

RUKU’ 1

Kayektèning Wahyuning Pangéran

1-5. Tandha-tandha ing jagad dados tuntunaning manusa. 6, 7. Nyuwun siksa.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Ingsun, Allah, Ingkang-Ngudanèni, Ingkang-Mirsani.[1261] Iki
a. 13 ayat-ayating Kitab;[a] lan apa kang
kadhawuhaké marang sira saka Pangéranira iku barang yakti, ananging akèh-akèhing manusa padha ora angèstu.

الٓمّٓرٰ ۟ تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ ؕ وَالَّذِيْٓ اُنْزِلَ اِلَيْكَ مِنْ رَّبِّكَ الْحَقُّ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝۱

marem ingkang dipun thukulaken déning Kitab Suci wonten ing manahipun para angèstu ingkang sajati, éwah-éwahan ageng ingkang dipun wontenaken wonten jagad, sumingkiripun redi-redi ageng ingkang ngalang-alangi sumebaripun yakti, tuwin gesangipun malih para titiyang ingkang sami pejah ruhaninipun, punika sadaya pangéram-éram sajati ingkang dipun gelar déning Kitab Samawi (Kitab Suci) wonten ing tengah-tengahipun para manusa. Sarta inggih pangéram-éram makaten punika ingkang badhé dipun gelar déning Quran, lan inggih sampun kelampahan kagelar kalayan angédab-édabaken temenan. Leres, panglawan ingkang ageng pancèn inggih wonten, sarta rekaos ingkang gugunungan tuwuh pating jredhul mamrih ngalang-alangi sumebaripun yakti. Nanging panglawan wau sampun tinamtu manawi boten badhé angsal damel, makaten pangandika ingkang kasebutaken wonten ing ruku’ ingkang kaping gangsal; awit yakti mesthi sumebar wonten ing jagad sarta mesthi badhé menang kaliyan panggorohan, salajengipun badhé dhateng masakalanipun para tulus boten dipun gugujeng malih, wangsul badhé subur-makmur, awit subur-makmuripun yakti punika sasarengan kaliyan subur-makmuripun para tulus wau. Ruku’ ingkang wekasan piyambak anerangaken pasaksèn kamajenganipun yakti, ingkang sanajan alon lampahipun nanging teterusan tanpa mawi kèndel-kèndel. Kakafiran sampun wiwit nipis, jalaran cacah jiwanipun tiyang kafir saya suda, wangsul cacah jiwanipun tiyang Muslimin saya mindhak-mindhak.

Titimangsanipun nalika katurunaken

Surat punika, boten prabéda lan surat panunggilanipun titiga ingkang sampun lan kalih candhakipun, kadhawuhaken wonten ing Makkah, sarta nem surat wau sadaya kagolong nunggil jaman, inggih punika jaman ngajengaken hijrah dhateng Madinah. Kados déné ugi surat ingkang kaping 16, sadaya amarsitakaken lan anetepaken kayektèning wahyunipun Pangéran, sarta kénging winastan sadaya wau sabda ingkang pungkasan ing atasipun bab punika, tumrap ing jaman ngajengaken hijrah dhateng Madinah. Ayat 41 kalayan terang anerangaken bilih yakti sampun wiwit kiyat jumenengipun, sarta “ngélongi saka pinggiré” punika saged dipun suraos kathahipun tiyang ingkang lumebet Islam wonten ing Madinah lan kénging kasuraos saya kathahipun tiyang ingkang ngrasuk Islam wonten ing Makkah, ingkang tansah lumintu sanajan di kados punapa agenging panglawanipun mengsah. Makaten ugi ing ayat 42 wonten ing tembung *makr* anyebutaken upayanipun para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, ingkang sumedya badhé numpes Islam ingkang kalayan ambabarpisani sarana anyédani panjenenganipun.

1261. *Alif* punika cekakanipun tembung *anâ* jawinipun *Ingsun*, *lâm* cekakanipun tembung *Allah*, *mîm* cekakanipun tembung *a’lam*, jawinipun *Ingkang-Ngudanéni*, tuwin *râ* cekakanipun tembung *râi*, jawinipun *Ingkang-Mirsani*.

2 Allah iku Kang andhuwuraké langit-langit kalawan tanpa saka, kang kodeleng, sarta[b] Panjenengané angasta purbawisésa ing karaton iku[c] tuwin andadèkaké srengéngé lan rembulan alaladi (ing sira), siji-sijiné anut lakuné dhéwé-dhéwé tumeka mangsa kang tinamtu; Panjenengané amranata sabarang rèh, anerangaké awijang tandha-tandha, supaya sira marang sapatemoning Pangéranira padha yakin.

b. 45
c. 895

اَللّٰهُ الَّذِیْ رَفَعَ السَّمٰوٰتِ بِغَیْرِ عَمَدٍ
تَرَوْنَهَا ثُمَّ اسْتَوٰی عَلَی الْعَرْشِ وَسَخَّرَ
الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ ؕ كُلٌّ یَّجْرِیْ لِاَجَلٍ
مُّسَمًّی ؕ یُدَبِّرُ الْاَمْرَ یُفَصِّلُ الْاٰیٰتِ
لَعَلَّكُمْ بِلِقَآءِ رَبِّكُمْ تُوْقِنُوْنَ ۝٢

3 Lan Panjenengané iku kang wus anggelar bumi, sarta agawé gunung-gunung kang kukuh lan kali-kali ana ing kono, lan sarupaning woh-wohan ing kono Panjenengané wus andadèkaké rong warna; Panjenengané anutupaké wengi ing raina; sayekti, ing kéné iki temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha mikir-mikir.

وَهُوَ الَّذِیْ مَدَّ الْاَرْضَ وَجَعَلَ فِیْهَا
رَوَاسِیَ وَاَنْهٰرًا ؕ وَمِنْ كُلِّ الثَّمَرٰتِ
جَعَلَ فِیْهَا زَوْجَیْنِ اثْنَیْنِ یُغْشِی الَّیْلَ
النَّهَارَ ؕ اِنَّ فِیْ ذٰلِكَ لَاٰیٰتٍ لِّقَوْمٍ
یَّتَفَكَّرُوْنَ ۝٣

4 Lan ing bumi ana talatah-talatah kang sasandhingan sarta kebon-kebon anggur lan gandum sarta kurma mawa oyod siji lan (liyané sing) mawa oyod béda-béda, - padha dibanyoni kalawan banyu sawiji, lan ing dalem wohing kang sawenèh Ingsun luwihaké becik angungkuli sawenèhé; sayekti ing kéné iki temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha mangerti.[1262]

وَفِی الْاَرْضِ قِطَعٌ مُّتَجٰوِرٰتٌ وَّجَنّٰتٌ
مِّنْ اَعْنَابٍ وَّزَرْعٌ وَّنَخِیْلٌ صِنْوَانٌ
وَّغَیْرُ صِنْوَانٍ یُّسْقٰی بِمَآءٍ وَّاحِدٍ ۟
وَنُفَضِّلُ بَعْضَهَا عَلٰی بَعْضٍ فِی الْاُكُلِ ؕ
اِنَّ فِیْ ذٰلِكَ لَاٰیٰتٍ لِّقَوْمٍ یَّعْقِلُوْنَ ۝٤

5 Lan manawa sira gumun, lah pangucapé iya padha anggumunaké: Apa! manawa aku wis dadi

وَاِنْ تَعْجَبْ فَعَجَبٌ قَوْلُهُمْ ءَاِذَا كُنَّا

1262. Sagung titah punika nadyan béda-béda lan warni-warni wujudipun, nanging sajatosipun sadaya wau satunggal; ingkang makaten wau dados tandha yekti ingkang terang., bilih Ingkang nitahaken gung titah wau sadaya Satunggal. Kajawi punika, wulu wedaling pasitèn ingkang warni-warni punika inggih béda-béda, sanajan ta sadaya wau sami kerèh déning angger-anggering kudrat ingkang namung satunggal; lah manahing manusa tumrap tumuwuhing wiji katulusan ingkang dipun dhedher déning wahyuning Pangéran, inggih makaten ugi.

lemah, apa aku temen padha ana ing dalem titah kang anyar? Iki para kang padha kafir marang Pangérané lan iki ing guluné padha ana ranténé, sarta iki para wong-wonging geni; padha ana ing kono pamanggoné.[1263]

تُرَٰبًا أَءِنَّا لَفِي خَلْقٍ جَدِيدٍ ۗ أُولَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِرَبِّهِمْ ۖ وَأُولَٰٓئِكَ ٱلْأَغْلَٰلُ فِىٓ أَعْنَاقِهِمْ ۖ وَأُولَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٥

6 Dhèwèké padha anggégé ing sira marang ala ing sadurungé kabecikan, lan temen ing sadurungé dhèwèké wis kalakon ana siksa kang dadi pola;[1264] lan sayekti, Pangéranira iku Ingkang-Kagungan-pangapura tumrap para manusa, sanajan padha atindak dudu;[1265] lan sayekti Pangéranira iku keras ing pamales (marang piala).

وَيَسْتَعْجِلُونَكَ بِٱلسَّيِّئَةِ قَبْلَ ٱلْحَسَنَةِ وَقَدْ خَلَتْ مِن قَبْلِهِمُ ٱلْمَثُلَٰتُ ۗ وَإِنَّ رَبَّكَ لَذُو مَغْفِرَةٍ لِّلنَّاسِ عَلَىٰ ظُلْمِهِمْ ۖ وَإِنَّ رَبَّكَ لَشَدِيدُ ٱلْعِقَابِ ٦

1263. Blenggu ing ngriki blenggu ingkang amblenggu titiyang wau wonten ing dalem pandamel awon tuwin ing margi ingkang boten leres. Bd anggènipun nafsiri*: para titiyang wau sami manuh wonten ing dalem sasar, boten kénging dipun ajeng-ajeng saged uwal.* Kf nerangaken tembung wau kanggé anerangaken *anggènipun para titiyang wau sami puguh wonten ing dalem sasar*, kados déné ungeling kidung لهم عن الرشد اغلال واقياد jawinipun: *dhèwèké padha adoh saka dalan kang bener déning ranté lan blenggu*. AH mewahi katrangan: *Ranté (blenggu) ing ngriki ateges tindakipun murang-sarak, ingkang kados déné blenggu wonten ing githokipun*. Kedah dipun pèngeti, boten prabéda lan blenggu ingkang boten satmata ingkang amblenggu tiyang wonten ing margi ingkang awon ing gesang sapunika punika badhé dados blenggu ingkang wewèntèhan wonten ing gesang ing bénjing, lah makaten ugi latuning manah ingkang munyal-munyal, ingkang murub makantar-kantar margi saking cuwa lan ngangsa-angsa, punika inggih badhé dados latu ingkang wewèntèhan wonten ing gesang ing bénjing. Lah inggih kados makaten punika kawontenanipun ingkang sajati naraka ing gesang ing bénjing, ingkang menggah ing sajatos-jatosipun sampun wiwit wonten nalika gesang ing sapunika punika ugi.

1264. Matsulât punika jama'-ipun tembung mutslah, ingkang manawi miturut Rgh ateges *siksa ingkang andhawahi manusa supados dadosa conto tumrap tiyang sanès anebihi piyambakipun*. JB tuwin Kf negesi tembung wau: *siksa ingkang andhawahi para kafir kados piyambakipun*.

1265. *Sayekti Pangéranira iku Ingkang-Kagungan pangapura marang para manusa, sanajan padha atindak dudu*, makaten piwulangipun Quran. Tanpa damel manawi tiyang badhé ngupados piwulang saminipun punika wonten ing agami sanès. Tembung *dzulm* utawi *tindak dédé*. punika kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing panggènan sanès, mengku sawarnining dosa lan kalepatan, sami ugi awujud pangandel ingkang lepat punapa pandamel awon. Marambah-rambah titiyang Makkah sami dipun paringi pèpènget sarta inggih marambah-rambah para titiyang wau sami nantang-nantang nyuwun dipun dhawahi siksa ingkang kaancamaken punika, nanging para titiyang wau sami kapangandikanan bilih Pangéran Ingkang-Mahaasih badhé mancasi para titiyang wau, miturut Mahaasih lan Mahaapura-Nipun ingkang jembar anglimputi punika, boten manut dosanipun para titiyang wau. Uger-uger makaten punika ugi kapangandikakaken wonten ing 39: 53 makaten: "Calathua: O, para kawula-Ku! kang padha atindak mlangkah wates tumrap jiwané dhéwé, aja pedhot pangarep-arepmu marang wilasaning Allah; sayekti Allah iku angapura kaluputan kabèh; sayekti Panjenengané iku Ingkang-Aparamarta, Ingkang-Mahaasih."

7 Lan padha calathu para kang padha kafir: Yagéné ora ana tandha saka Pangérané kang katurunaké marang dhèwèké? Sira iku mung juru-pépéling lan *panuntun* tumrap siji-sijining bangsa.[1266]

وَيَقُولُ الَّذِينَ كَفَرُوا لَوْلَا أُنْزِلَ عَلَيْهِ آيَةٌ مِنْ رَبِّهِ ۗ إِنَّمَا أَنْتَ مُنْذِرٌ ۖ وَلِكُلِّ قَوْمٍ هَادٍ ﴿٧﴾

Ut. *ana panuntun*

RUKU' 2

Panyuwunan siksa

8-10. Allah anguningani para ingkang atindak saé sarta para ingkang atindak awon. 11. Minggahipun sarta mandhapipun bangsa-bangsa. 12, 13. Panjenenganipun angancam supados tiyang amurih saéning dhirinipun. 14-18. Barang yakti masthi badhé menang.

8 Allah angudanèni apa kang kinandhut ing siji-sijining wadon, sarta apa kang ora kasampurnakaké déning talanakan lan apa kang kawuwuhaké (ing kono); lan samubarang iku ana ing ngarsa-Né ana papasthèné.[1267]

اللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَحْمِلُ كُلُّ أُنْثَىٰ وَمَا تَغِيضُ الْأَرْحَامُ وَمَا تَزْدَادُ ۖ وَكُلُّ شَيْءٍ عِنْدَهُ بِمِقْدَارٍ ﴿٨﴾

Nanging samasa awon punika anglangkungi wates, Mahaasihipun Pangéran ingkang mesthinipun kapintonaken dhateng para kawula-Nipun ingkang tulus, punika lajeng angarsakaken tiyang dosa kedah kadhawahan pidana. Awit saking punika Pangéran punika ugi *ingkang asanget ing pamales (dhateng awon)*.

1266. Dhawuh ingkang mungel وَلِكُلِّ قَوْمٍ هَادٍ punika kénging kasuraos anyifati ing Kanjeng Nabi, inggih punika dados juru-maringi pèpènget dhateng bangsa Arab, bangsa ingkang langsung tampi piwulang saking panjenenganipun saha langsung milawani dhateng kautusipun, sarta dados *panuntun* tumrap sadaya bangsa ing bumi punika, dados wigatos anyebutaken anggènipun kautus tumrap ing sajagad. Para mufassirin limrahipun sami nyuraos ukara wau boten gandhèng kaliyan ukara ingkang rumiyin, dados dipun suraos ukara énggal ingkang mungel *lan saben kaum iku mesthi karawuhan panuntun*, salajengipun mengku suraos warni kalih, sapisan: Kanjeng Nabi punika juru-maringi pèpènget, inggih kados déné ing jaman sadèrèng-dèrèngipun saben kaum mesthi kaparingan juru--maringi tuntunan, dados nunggil suraos kaliyan pangandika ingkang kasebut ing 35: 24 *lan ora kena ora, saben umat, ing kono mesthi wis tau ana juru-pépélingé*. Kaping kalih: Kanjeng Nabi punika namung satunggaling juru-maringi pèpènget, déné ingkang kawasa nuntun manusa dhateng margi ingkang leres, punika namung Allah piyambak, awit ngemungaken Panjenenganipun Pribadi *Panuntun* ingkang sajati (Rz).

1267. "Kang ora kasampurnakaké déning talanakan" punika ingkang dipun karsakaken gabug, boten ngandhut, déné "wuwuhé talanakan" punika ngandhut jabang bayi. Saben barang wonten papasthènipun, punika ateges bilih saben barang punika wonten tujuanipun ingkang tartamtu. Maksudipun ayat punika anerangaken bilih Allah uninga tiyang punika badhé dados tiyang tulus punapa tiyang awon. Bab punika sampun cetha nitik pangandika ing nginggilipun lan ugi ing ngandhapipun. Ayat punika wigatos maringi pèpènget dhateng para mengsahipun Kanjeng Nabi, bilih anggènipun sami remen damel wisuna punika sampun kauningan ing Allah, sarta suraos ingkang makaten punika kacethakaken malih wonten ing ayat 10, ingkang lajeng dipun sambeti malih kalayan pratélan ingkang terang gamblang, bilih satunggaling umat boten badhé manggih kabegjan lan subur-makmur, manawi umat wau boten purun nilar margi ingkang awon.

9 Ingkang-Anguningani kang ora katon lan kang katon, Ingkang-Agung, Ingkang-Mahaluhur.

عٰلِمُ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ الْكَبِيْرُ الْمُتَعَالِ ﴿٩﴾

10 Padha (tumrap Panjenenganè) sapa saka ing antaranira kang anyingidakè pangucap(-é) lan sapa kang anglairakè apa dénè sapa kang singidan ing wengi tuwin kang metu ing raina.[1268]

سَوَآءٌ مِّنْكُمْ مَّنْ اَسَرَّ الْقَوْلَ وَمَنْ
جَهَرَ بِهٖ وَمَنْ هُوَ مُسْتَخْفٍ بِالَّيْلِ
وَسَارِبٌ بِالنَّهَارِ ﴿١٠﴾

11 (Malaikat) padha angetutakè dhèwèkè, ana ing ngarepè sarta ana ing burinè, kang padha rumeksa dhèwèkè atas saking parèntahing Allah.[1269] Sayekti, Allah iku ora angèwahi kaananing para manusa, nganti dhèwèkè padha angowahi kaananè dhèwè; lan manawa Allah angarsakakè ala tumrap para manusa, lan ora bakal ana panulakè, sarta saliyanè Panjenenganè dhèwèkè padha ora duwè kakawal.

لَهٗ مُعَقِّبٰتٌ مِّنْ بَيْنِ يَدَيْهِ وَمِنْ
خَلْفِهٖ يَحْفَظُوْنَهٗ مِنْ اَمْرِ اللّٰهِ ۗ اِنَّ
اللّٰهَ لَا يُغَيِّرُ مَا بِقَوْمٍ حَتّٰى يُغَيِّرُوْا مَا
بِاَنْفُسِهِمْ ۗ وَاِذَآ اَرَادَ اللّٰهُ بِقَوْمٍ سُوْٓءًا
فَلَا مَرَدَّ لَهٗ ۚ وَمَا لَهُمْ مِّنْ دُوْنِهٖ مِنْ وَّالٍ ﴿١١﴾

12 Panjenenganè iku Kang angatonakè kilat ing sira, andadèkakè wedi lan pangarep-arep, sarta (Ingkang) andadèkakè mendhung kang abot.

هُوَ الَّذِيْ يُرِيْكُمُ الْبَرْقَ خَوْفًا وَّطَمَعًا
وَّيُنْشِئُ السَّحَابَ الثِّقَالَ ﴿١٢﴾

1268. Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih ayat punika wigatos mangandikakaken tindakipun para mengsah anggènipun sami rerembagan ingkang kalayan winados lan kalayan ngeblak lumawan Kanjeng Nabi tuwin anggènipun para mengsah tansah ngangkah rinten lan dalu badhé nyédani ing Kanjeng Nabi. Babad lalampahan sugengipun Kanjeng Nabi nyebutaken bilih para ingkang sumedya badhé nyédani panjenenganipun sami nginthil ing panjenenganipun kanthi dhedhemitan, sarmangsa panjenenganipun tindak salat subuh ing wanci énjing umun-umun, malah tarkadhang kalayan ngedhéng ing wanci siyang nginthil panjenenganipun kalayan ngandhut sedya ingkang awon.

1269. Sampun cetha pangandika punika mengku suraos umum, inggih punika mangandikakaken *para malaikat pamomong* ingkang kasebutaken wonten ing 6: 61. Nanging pangandika punika ugi mengku suraos ingkang langkung lebet malih, inggih punika mangandikakaken pangayomanipun Pangéran ingkang mligi kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi lumawan para mengsah ingkang tanpa wicalan kathahipun, ingkang tansah ngepang wakul ing panjenenganipun. *Mu'aqqibât* jawinipun *giliran*, déné mila *malaikat pamomongipun manusa* kasebut makaten wau, awit para malaikat wau sami giliran siyang lan dalu, dadosipun sakedhap kémawon manusa boten naté kesepèn ing pangemongipun para malaikat wau.

13 Lan baledhèg iku mahasucèkaké Panjenengané kalawan pangalembana-Né, mangkono uga para malaikat, amarga saka wediné ing Panjenengané; lan Panjenengané angutus panah-panahing baledhèg, iku angenani sapa kang dadi kaparenging karsa-Né; éwadéné dhèwèké padha madoni ing bab Allah, lan Panjenengané iku keras ing dalem kawanèn.

وَيُسَبِّحُ الرَّعْدُ بِحَمْدِهٖ وَالْمَلٰٓئِكَةُ
مِنْ خِيْفَتِهٖ ۚ وَيُرْسِلُ الصَّوَاعِقَ فَيُصِيْبُ
بِهَا مَنْ يَّشَآءُ وَهُمْ يُجَادِلُوْنَ فِى اللّٰهِ ۚ
وَهُوَ شَدِيْدُ الْمِحَالِ ﴿١٣﴾

14 Marang Panjenengané panyuwun kang bener iku; lan para kang padha nyunyuwun saliyané Allah, iku ora bakal nyembadani marang dhèwèké ananging kaya wong kang ngulurakè tanganè loro marang banyu, amurih (si banyu) tumekaa marang cangkemé, ananging ora bakal iku tumeka mrono; lan ora liya panyuwuné para kafir iku kajaba muspra.

لَهٗ دَعْوَةُ الْحَقِّ ۗ وَالَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ مِنْ
دُوْنِهٖ لَا يَسْتَجِيْبُوْنَ لَهُمْ بِشَيْءٍ اِلَّا
كَبَاسِطِ كَفَّيْهِ اِلَى الْمَآءِ لِيَبْلُغَ فَاهُ وَمَا
هُوَ بِبَالِغِهٖ ۗ وَمَا دُعَآءُ الْكٰفِرِيْنَ اِلَّا فِيْ ضَلٰلٍ ﴿١٤﴾

15 Lan marang Allah sumungkemé samubarang kang ana ing langit-langit lan ing bumi, kalawan ambangun-turut sarta kalawan kapeksa, mangkono uga ayang-
a. 536 ayangé, ing wayah ésuk lan soré.[a]

وَلِلّٰهِ يَسْجُدُ مَنْ فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ
طَوْعًا وَّكَرْهًا وَّظِلٰلُهُمْ بِالْغُدُوِّ وَالْاٰصَالِ ﴿١٥﴾

16 Calathua: Sapa ta Pangéraning langit-langit lan bumi? Calathua: Allah. Calathua: Lah yagéné kowé padha angalap pangayoman saliyané Panjenenganè, kang ora bisa anguwasani marang awaké dhéwé, apa amakolèhi apa amitunani? Calathua: Apa padha wong wuta karo wong kang waras pandelengé? Utawa, apa padha pepeteng karo papadhang? Utawa, apa padha angedegaké sekuthon jèjèraning Allah, kang anganakaké titah kaya titah-É mangkono,

قُلْ مَنْ رَّبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ قُلِ اللّٰهُ ۗ
قُلْ اَفَاتَّخَذْتُمْ مِّنْ دُوْنِهٖٓ اَوْلِيَآءَ لَا
يَمْلِكُوْنَ لِاَنْفُسِهِمْ نَفْعًا وَّلَا ضَرًّا ۗ قُلْ
هَلْ يَسْتَوِى الْاَعْمٰى وَالْبَصِيْرُ ۙ
اَمْ هَلْ تَسْتَوِى الظُّلُمٰتُ وَالنُّوْرُ ۚ
اَمْ جَعَلُوْا لِلّٰهِ شُرَكَآءَ خَلَقُوْا كَخَلْقِهٖ

nganti apa kang tumitah iki dadi kisruh tumrap dhèwèké? Calathua: Allah iku Ingkang-Anitahaké samubarang, lan Panjenengané iku Ingkang Maha-tunggal, Ingkang-Mahawisésa.[1269A]

فَتَشَابَهَ الْخَلْقُ عَلَيْهِمْ ۚ قُلِ اللّٰهُ خَالِقُ
كُلِّ شَيْءٍ وَّهُوَ الْوَاحِدُ الْقَهَّارُ ﴿١٦﴾

17 Panjenengané anurunaké banyu saka ing méga, banjur jurang-juranging kali padha mili (banyu) samurwaté, sarta iliné angèlèkaké unthuk kang matumpa-tumpa, lan saka barang kang padha diluluh ing geni, kang pamrihé arep ginawé papaès utawa piranti,[1270] (iya) metu unthuké, (kang) kaya mangkono (iku); kaya mangkono Allah anggoné adamel sanépa barang yakti lan barang goroh; wondéné si unthuk, lah iku sirna kaya barang kang tanpa aji; déné apa kang migunani marang manusa, iku lestari ana ing bumi; kaya mangkono Allah anggoné adamel sanépa.[1271]

أَنْزَلَ مِنَ السَّمَآءِ مَآءً فَسَالَتْ أَوْدِيَةٌ
بِقَدَرِهَا فَاحْتَمَلَ السَّيْلُ زَبَدًا رَّابِيًا ۚ
وَمِمَّا يُوْقِدُوْنَ عَلَيْهِ فِي النَّارِ ابْتِغَآءَ
حِلْيَةٍ أَوْ مَتَاعٍ زَبَدٌ مِّثْلُهُ ۚ كَذٰلِكَ
يَضْرِبُ اللّٰهُ الْحَقَّ وَالْبَاطِلَ ۚ
فَأَمَّا الزَّبَدُ فَيَذْهَبُ جُفَآءً ۚ وَأَمَّا مَا
يَنْفَعُ النَّاسَ فَيَمْكُثُ فِي الْأَرْضِ ۚ
كَذٰلِكَ يَضْرِبُ اللّٰهُ الْأَمْثَالَ ﴿١٧﴾

18 Para kang padha nyandikani marang Pangérané iku padha olèh bagéan becik; lan para kang padha ora anyandikani marang Panjenengané, iku saupama padha andarbènana sabarang kang ana ing bumi kabèh, sarta samono manèh,

لِلَّذِيْنَ اسْتَجَابُوْا لِرَبِّهِمُ الْحُسْنٰى ۚ
وَالَّذِيْنَ لَمْ يَسْتَجِيْبُوْا لَهُ لَوْ أَنَّ لَهُمْ
مَّا فِي الْأَرْضِ جَمِيْعًا وَّمِثْلَهُ مَعَهُ

1269A. Ayat punika nyebutaken uger-uger kalayan tetembungan ingkang terang gamblang saha ceplos, bilih sagung titah punika wontenipun lugu saking Allah piyambak, déné sesembahan sanès-sanèsipun, sanèsipun Allah, (salah satunggalipun sesembahan sanèsipun Allah wau inggih punika Kanjeng Nabi 'Isa), punika boten saged nitahaken barang-barang. Pangandika ingkang mungel *apa kang tumitah iki dadi kisruh tumrap dhèwèké*, punapa mengku suraos bilih barang-barang damelanipun manusa punika boten saged sami kaliyan tumitahipun sagung dumados ngantos kakalihipun wau campur bawur dados satunggal.

1270. *Matâ'* ing ngriki mengku *sawarnining barang ingkang perlu tumrap gesanging manusa, kadosta pirantosing gigriya, pirantosing patukangan lan pirantosing paprangan* (S).

1271. Sanépa ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika mengku suraos, bllih Kanjeng Nabi lan para pandhèrèkipun, punika margi saking tinanggenah mamrih rahayunipun sagung para manusa, mesthi inggih lastantun sugeng lan subur-makmur. Kosokwangsulipun, tindak lan adat kalakuanipun titiyang Makkah lan para titiyang ingkang nganggé, mesthi inggih badhé larut ngantos tapis déning ilining yakti ingkang kinawasa, kados déné larahan kéntir déning ilining toya banjir.

amasthi iku bakal diulungaké minangka panebus. Iku pétungan ala kang dadi bagéané, sarta naraka padunungané, lan ala palèrènan iku.

لَافْتَدَوْا بِهٖ ۚ اُولٰٓئِكَ لَهُمْ سُوْٓءُ الْحِسَابِ ۙ وَمَاْوٰىهُمْ جَهَنَّمُ ۖ وَبِئْسَ الْمِهَادُ ﴿١٨﴾

RUKU' 3

Katulusan wonten ganjaranipun panerak badhé angsal wawales awon

19-24. Para tulus sarta ganjaranipun. 25, 26. Para panerak tuwin katemahanipun.

19 Lah apa ta wong kang weruh manawa apa kang kadhawuhaké marang sira saka Pangéranira iku barang yekti, iku padha karo wong kang wuta? Mung wong kang padha ana akalé kang mikir-mikir,

اَفَمَنْ يَّعْلَمُ اَنَّمَآ اُنْزِلَ اِلَيْكَ مِنْ رَّبِّكَ الْحَقُّ كَمَنْ هُوَ اَعْمٰى ۗ اِنَّمَا يَتَذَكَّرُ اُولُوا الْاَلْبَابِ ﴿١٩﴾

20 Para kang padha anuhoni janjining Allah, sarta ora medhot sasanggeman.

الَّذِيْنَ يُوْفُوْنَ بِعَهْدِ اللّٰهِ وَلَا يَنْقُضُوْنَ الْمِيْثَاقَ ﴿٢٠﴾

21 Lan para kang padha nyambung barang kang didhawuhaké déning Allah supaya disambunga[1272] sarta padha pakéring marang Pangérané apa déné padha wedi marang pétungan ala.

وَالَّذِيْنَ يَصِلُوْنَ مَآ اَمَرَ اللّٰهُ بِهٖٓ اَنْ يُّوْصَلَ وَيَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ وَيَخَافُوْنَ سُوْٓءَ الْحِسَابِ ﴿٢١﴾

Ar. *wadanané*

22 Lan para kang padha tetep santosa[1273] angupaya *pirenané* Pangérané sarta anjumenengaké shalat, apa déné padha mèwèhaké barang paparing-Ingsun ing dhèwèké kalawan sisidheman tuwin kalawan ngeblak, sarta padha anulak ala kalawan kabecikan;[1274]

وَالَّذِيْنَ صَبَرُوا ابْتِغَآءَ وَجْهِ رَبِّهِمْ وَاَقَامُوا الصَّلٰوةَ وَاَنْفَقُوْا مِمَّا رَزَقْنٰهُمْ سِرًّا وَّعَلَانِيَةً وَّيَدْرَءُوْنَ بِالْحَسَنَةِ

1272. Ayat ingkang sampun nerangaken kawajibanipun manusa dhateng Ingkang-Nitahaken, déné ayat punika nerangaken sasambetanipun manusa kaliyan sasamining titahipun Pangéran. "Barang kang didhawuhaké déning Allah supaya disambunga" punika mengku sawarnining tatangsuling katresnan lan tatangsuling akrab, ingkang kadhawuhaken Allah supados dipun tetepi déning manusa lan kareksa sampun ngantos katerak.

1273. *Sabar* ing kalanipun nandhang cobi lan kasusahan, punika namung sapéranganing suraosipun tembung *shabr*. Miturut Rgh, *shabr* punika *mempeng wonten ing wawates papakènipun akal pikiran ingkang wening lan tatananing agami, utawi sumingkir saking barang ingkang manut kakalih wau kedah dipun singkiri*. Dados, kénging katembungaken *shabr* punika tansah nindakaken kasaénan lan nyingkiri awon.

1274. Pangandika punika anggelar piwulang bab "awon winales saé," ingkang manawi manut para

iki kang bakal padha olèh bagéan kawusanan padunungan (kang begja),

السَّيِّئَةَ أُولَٰٓئِكَ لَهُمْ عُقْبَى الدَّارِ ﴿٢٢﴾

23 Patamanan padunungan kang langgeng, kang anggoné lumebu mrono dalah para wongtuwané[1275] lan jodho-jodhoné[1276] sarta turun-turuné endi kang kalakuané becik; apa déné para malaikat padha lumebu amarek dhèwèké saka saben-saben kori:

جَنَّٰتُ عَدْنٍ يَدْخُلُونَهَا وَمَنْ صَلَحَ
مِنْ ءَابَآئِهِمْ وَأَزْوَٰجِهِمْ وَذُرِّيَّٰتِهِمْ
وَالْمَلَٰٓئِكَةُ يَدْخُلُونَ عَلَيْهِم مِّن كُلِّ بَابٍ ﴿٢٣﴾

24 Rahayu mugi tetep ingatasipun ijengandika, déning anggèn ijengandika sampun tetep santosa; lah, iba ta pinunjulipun kawusananing padunungan punika!

سَلَٰمٌ عَلَيْكُم بِمَا صَبَرْتُمْ فَنِعْمَ عُقْبَى الدَّارِ ﴿٢٤﴾

25 Lan para kang padha ngrusak janjining Allah ing sawisé diugeri, sarta medhot apa kang kadhawuhaké déning Allah supaya disambunga, tuwin padha agawé wisuna ing bumi, iki kang bakal padha olèh bagéan bebendu sarta olèh bagéan (kawusanan) padunungan kang ala.

وَالَّذِينَ يَنقُضُونَ عَهْدَ اللَّهِ مِنۢ بَعْدِ
مِيثَٰقِهِۦ وَيَقْطَعُونَ مَآ أَمَرَ اللَّهُ بِهِۦٓ
أَن يُوصَلَ وَيُفْسِدُونَ فِى الْأَرْضِ
أُولَٰٓئِكَ لَهُمُ اللَّعْنَةُ وَلَهُمْ سُوٓءُ الدَّارِ ﴿٢٥﴾

---

titiyang Nasrani ingkang kathah-kathah boten naté pinanggih wonten pundi kémawon kajawi namung wonten ing agami Nasrani thok. Quran boten namung mulangaken kémawon piwulang wau, nanging ugi ambangun murih prayoginipun piwulang wau, sarta malih andhapuk piwulang wau murih sageda tumindak, ngantos manawi piwulang wau ingkang manut wawarahipun Islam katindakaken, boten badhé cengkah kaliyan tata tertib (*law and order*), boten kados déné piwulangipun Injil, margi pancèn boten saged katindakaken, dumugi ing dinten punika boten naté katindakaken. Tetembungan ingkang dipun agem wonten ing ayat punika يدرؤن بالحسنة السيئة jawinipun anulak ala kalawan kabecikan. Awon, punika barang ingkang boten kénging boten kedah dipun tulak, milanipun saé kanggé males awon punika kéngingipun katindakaken namung manawi awon wau saged katulak kalayan saé. Manawi awon kawales saé katindakaken wonten ing tengah-tengahing babrayan kalayan tanpa mawi ginantungan ing janji-janji, tamtu badhé ambibrahaken tatanan. Para ingkang sami nindakaken awon ingkang tansah angsal saé minangka wawalesing awon ingkang katindakaken, boten kénging boten mesthi badhé nukulaken *anarkhy*, aliyas umbar-umbaran ing sakajeng-kajengipun tiyang piyambak. Pangandikanipun Quran ing panggènan sanès ingkang mungel: *kang angapura lan dadi becik (karanané)* (42: 40), punika inggih kedah kasuraos saèmper makaten wau.

1275. *Abâ* punika *jama'*-ipun *abwai*, jawinipun bapak-bapak lan biyung-biyung (Kf).

1276. Pratélan ingkang terang gamblang! Boten namung katerangaken para èstri sami badhé angsal nugraha suwarga margi saking pandamelipun piyambak kémawon, nanging dalasan katulusaning

26 Allah iku anjembarakė rijeki tumrap sapa kang dadi kapareng-nging karsa-Né sarta (iya) nyumpi; lan dhèwèké padha seneng-seneng marang kauripan kadonyan, lan kauripan donya iku katandhing karo kauripan akhirat ora liya kajaba mung kabungahan sawatara mangsa.

اَللّٰهُ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَنْ يَّشَآءُ وَيَقْدِرُ ؕ
وَفَرِحُوْا بِالْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ؕ وَمَا الْحَيٰوةُ
الدُّنْيَا فِى الْاٰخِرَةِ اِلَّا مَتَاعٌ ﴿٢٦﴾

RUKU' 4

Pangéram-éramipun Quran Suci

27-30. Quran Suci suka kamareman sajatos dhateng manahing manusa. 31. Éwah-éwahan ingkang badhé dipun wontenaken.

27 Lan para kang padha kafir padha acalathu: Yagéné ora ana tandha saka Pangérané katurunaké marang dhèwèké?[1277] Calathua: Sayekti, Allah iku anasaraké *sapa kang karep*, sarta nuntun marang Panjenengané sapa kang bali (marang Panjenengané).[1278]

Ut. *sapa kang dadi kapareng-É*

وَيَقُوْلُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَوْلَآ اُنْزِلَ
عَلَيْهِ اٰيَةٌ مِّنْ رَّبِّهٖ ؕ قُلْ اِنَّ اللّٰهَ
يُضِلُّ مَنْ يَّشَآءُ وَيَهْدِيْٓ اِلَيْهِ مَنْ اَنَابَ ﴿٢٧﴾

sémah-sémahipun inggih badhé murugaken para èstri wau tumut ngraosaken nugraha. Pangécé-écénipun tuwan Gibbon lan Muir, cekap kula wangsuli mawi katrangan sakedhik bilih tembung *azwâj* punika *jama'*-ipun tembung *zauj*, ingkang ateges *sémah*, sami kémawon punapa jaler punapa èstri, milanipun ing ngriki kula jarwani jodho.

1277. Dhawuh wangsulanipun panantang utawi panyuwun punika kamot wonten ing pangandika ingkang pungkasan ing ruku' punika "Ora wis-wis para kafir bakal padha olèh panduman kasangsaran, utawa iku tumiba ana ing sacedhaking omah-omahé, marga saka panggawéné dhéwé, nganti manawa janjiné Allah kalakon." Janji punika inggih punika sirnaning panguwaosipun para kafir. Pitaken utawi panantang ingkang mungel: *yagéné ora ana tandha saka Pangérané katurunaké marang dhèwèké?* ing ngriki tuwin ingkang kasebut wonten ing panggènan sanès-sanèsipun ing dalem Quran, punika menggah ing sajatosipun nyuwun utawi nantang supados kasirnakaken panguwaosipun sarta kadamel kawon kados ingkang sampun kajanjèkaken punika. Déné dhawuh wangsulanipun kirang langkung mesthi inggih kados makaten punika tembungipun, inggih punika katerangakaken langkung rumiyin para kafir wau samia nyuwun sih-wilasa; Quran punika sinung kawasa anyarasaken, kawontenanipun para angèstu dados pasaksèn ingatasipun ingkang makaten punika; nasib ingkang kasandhang umat ingkang sampun-sampun saged dados piwulang; riribed alit-alit tansah badhé kasandhang, ing ngriku piyambakipun saged ningali tandha-tandhanipun anggèning badhé kasoran; ing wasananipun, manawi tandha-tandha wau sadaya dipun emohi, boten wurung mesthi badhé kadhawahan kasangsaran ageng.

1278. Teges warni kalih punika kénging dipun anggé salah satunggal. Nitik pangandika ingkang mungel sapa kang bali marang Panjenengané, teges ingkang kapacak ing jarwan ing nginggil langkung mathuk. Dados manusa makaten wonten warni kalih, inggih punika tiyang ingkang nemaha sasar lan tiyang ingkang nedya wangsul dhateng Allah. Ingkang angka satunggal sami kasasar, ingkang angka kalih sami angsal pitedah. Nadyan teges ingkang kasebutaken wonten ing margin ingkang dipun anggé, meksa inggih boten mengku teges bilih Allah nasaraken manusa sanajan piyambakipun sumedya ngambah margi ingkang leres. Kula aturi maspadakaken pangandika tutugipun: "Lan anuntun marang

28 Para kang padha angèstu sarta kang atiné padha dadi jenjem déning éling maring Allah; o, sayekti, kalawan éling maring Allah ati padha dadi jenjem.

الَّذِينَ آمَنُوا وَتَطْمَئِنُّ قُلُوبُهُمْ بِذِكْرِ اللَّهِ ۗ أَلَا بِذِكْرِ اللَّهِ تَطْمَئِنُّ الْقُلُوبُ ﴿٢٨﴾

29 Para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, iku kawusanan becik bagéané sarta bali kang utama.[1279]

الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ طُوبَىٰ لَهُمْ وَحُسْنُ مَآبٍ ﴿٢٩﴾

30 Kaya mangkono anggon-Ingsun angutus sira ing dalem sawijining umat, ing sadurungé iku temen pira-pira umat wis kepungkur, supaya sira amacakaké marang dhèwèké apa kang Ingsun wedharaké marang sira, éwadéné dhèwèké padha angafiri marang Ingsun-Mahamurah. Calathua: Panjenengané iku Pangéranku, ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; marang Panjenengané sumarahku sarta marang Panjenengané baliku.

كَذَٰلِكَ أَرْسَلْنَاكَ فِي أُمَّةٍ قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلِهَا أُمَمٌ لِتَتْلُوَ عَلَيْهِمُ الَّذِي أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ وَهُمْ يَكْفُرُونَ بِالرَّحْمَٰنِ ۚ قُلْ هُوَ رَبِّي لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَإِلَيْهِ مَتَابِ ﴿٣٠﴾

31 Lan lamun ta ana sawijining Quran kang kanggo anglakokaké gunung-gunung, utawa kanggo anjajah bumi utawa kanggo ambisakaké caturan wong mati[1280] – o, balik paréntah iku ana ing astané Allah kabèh. Apa ta para kang

وَلَوْ أَنَّ قُرْآنًا سُيِّرَتْ بِهِ الْجِبَالُ أَوْ قُطِّعَتْ بِهِ الْأَرْضُ أَوْ كُلِّمَ بِهِ الْمَوْتَىٰ ۗ بَلْ لِلَّهِ الْأَمْرُ جَمِيعًا ۗ أَفَلَمْ

Panjenengané sapa kang bali marang Panjenengané," sarta punika anggamblangaken suraosipun pangandika ingkang rumiyin: "Allah iku anasaraké sapa kang dadi kapareng-É," awit manawi Panjenenganipun anuntun tiyang ingkang sami wangsul dhateng Panjenenganipun, dadosipun tiyang ingkang boten purun wangsul dhateng Panjenenganipun mesthi inggih kasasar. Dados "kasasaraken déning Allah" punika sami kaliyan kadhawahan pancasan kasasar. Kacundhukna kaliyan pangandika ing 2: 26: "Lan ora diagem nasaraké wong siji-sijia kajaba wong kang padha murang-yekti, yaiku kang padha nulayani janjining Allah ...." tuwin pangandika ing 14: 27: "Sarta Allah anasaraké wong-wong kang atindak dudu."

1279. *Thûbâ*, manawi dados lingga andhahan (saking tembung *thâba*, jawinipun *dadi becik*), ateges *kawusanan ingkang saé* utawi *saé tembé wingkingipun* (LL).

1280. Badhé kados pundi kedadosanipun manawi Quran saged nglampahaken redi-redi, boten kasebutaken. Sawenèh mufassir nyuraos pangandika punika mengku ukara sambetipum ingkang mungel makaten لكان هذا القران jawinipun: *yakti ya Quran iki kang bisa nindakaké* (JB). Para Mufassirin anggènipun gadhah paham makaten wau margi anggadhahi pamanggih bilih pangandika punika

padha angèstu durung sumurup,[1281] yèn, manawa Allah angarsakna, amasthi Panjenengané anuntun sakèhing manusa? Lan ora bakal lèrèn-lèrèn para kang padha kafir anggoné padha kataman babaya
Ut. *sira* kang anggigirisi amarga saka panggawéné, utawa *iku* bakal tumurun cedhak saka padunungané, nganti tumekané janjining Allah,[1282] sayekti Allah iku ora bakal anyulayani janji(-Né).

يَا۟يْـَٔسِ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَنْ لَّوْ يَشَاۤءُ اللّٰهُ
لَهَدَى النَّاسَ جَمِيْعًا ۗ وَلَا يَزَالُ الَّذِيْنَ
كَفَرُوْا تُصِيْبُهُمْ بِمَا صَنَعُوْا قَارِعَةٌ اَوْ
تَحُلُّ قَرِيْبًا مِّنْ دَارِهِمْ حَتّٰى يَأْتِيَ
وَعْدُ اللّٰهِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ لَا يُخْلِفُ الْمِيْعَادَ ٣١

nyasmitakaken panyuwunipun para kafir supados redi-redi kalampahaken, margi ingkang celak-celak dipun wontenaken kanggé lumampah dhateng panggènan ingkang tebih-tebih (utawi, miturut sawenèh mufassir sanèsipun malih, ngremuk bumi utawi ngiris-iris bumi dados lepen pinten-pinten lan susukan pinten-pinten) tuwin tiyang pejah kagesangaken malih. Nanging paham kula wangsulanipun pangandika punika kasebut wonten ing pangandika candhakipun, dados ing ngriki boten wonten ukara ingkang boten kasebutaken. Ayat punika boten mastani nglengkara Quran saged damel kaélokan ageng, malah kapara amastani kongangipun, tandhanipun pangandika wau tumunten kasambetan ing pangandika *paréntah iku ana ing astané Allah kabèh*, ingkang suraosipun sami kaliyan ngandika bilih mokal manawia Panjenenganipun boten saged nindakaken ingkang makaten wau sadaya, sarta sabda-Nipun mesthi tumunten badhé tumindak, inggih punika kaluhuranipun Islam badhé kajumenengaken. "Redi-redi," (ingkang dipun karsakaken para mengsahipun Kanjeng Nabi ingkang jadhug-jadhug), ingkang sami milawani sumebaripun Islam, kasingkiraken; Islam tumunten sumebar ngantos dumugi nagari ingkang tebih-tebih, sarta para tiyang pejah saged sami wicantenan, inggih punika saindhenging tanah Arab ingkang sampun pejah seg ngumandhang suwantenipun angundhangaken Kasawijènipun Allah. *Redi-redi* dipun tegesi *para tiyang ageng* punika kasebut wonten ing Q; ing ngriku katrangaken *jabal* punika tegesipun سيد القوم *pangagenging kaum lan tiyang-tiyangipun ingkang pinter piyambak*. Déné "tiyang pejah" ateges titiyang pejah ruhaninipun, punika kacetha wonten ing Quran piyambak wonten ing pinten-pinten panggènan, kadosta ing 27: 80. "Sayekti, sira iku ora agawé krunguné wong mati."

1281. *Yai-as* ing ngriki boten mengku teges *mupus*, utawi *pedhot pangajeng-ajengipun*, nanging mengku teges *weruh*, sarta teges punika dipun anggé déning para mufassirin ingkang sabagéan kathah (Rz). Ing kidung-kidung Arab kathah tuladhanipun bab panganggénipun ingkang kados makaten wau, kadosta:

اقول لهم بالشعب اذ يأسرونني ⁝ الم تيأسوا اني ابن فارس زهدم

Aku calathu marang dhèwèké nalika dhèwèké padha nyekel aku ana ing dedalan, apa kowé padha ora weruh yèn aku iku anaké lanang jajadhuging wong nunggang jaran Zahdam?

1282. Pangandika punika kénging dipun tegesi warni kalih. Sapisan mengku teges bilih babaya alit-alit badhé tansah ngéngingi para titiyang wau, utawi dhumawah wonten ing sacelaking padununganipun, ngantos dumugi wanci kalampahan saèstu janji ingkang pamungkas, inggih punika sirnanipun babar pisan panguwaosipun para titiyang wau. Teges ingkang angka kalih, babaya alit wau asoring prangipun para titiyang Makkah, ingkang kawecakaken mesthi badhé kasandhang, déné Kanjeng Nabi (manawi teges satunggalipun ingkang kasebutaken wonten ing margin dipun anggé) rawuh wonten ing sacelaking padununganipun, kados déné ingkang kalampahan saèstu wonten ing dhusun Hudaibiyah, ngantos manawi nagari Makkah sampun bedhah. Teges warni kalih wau sadaya mengku piweca ageng bab badhé menangipun umat Islam, ingkang ing wekdal wau apes tuwin sami ngungsi ngupados pangayoman dhateng Madinah, saha amecakaken badhé leburipun babar pisan mengsah ingkang sakalangkung kiyat, ingkang katingalipun makaten kados déné angsal damel anggènipun numpes Islam tuwin ngawut-awut kaum Muslimin.

RUKU' 5

Panglawan badhé cabar

32-34. Para ingkang sami anggugujeng badhé dipun asoraken. 35-37. Para ingkang sami tulus badhé ngraosaken kabegjan.

32 Lan sayekti temen para utusan ing sadurungira padha diguguyu, ananging Ingsun aparing sumené marang para kang padha kafir, tumuli padha Ingsun *lebur*; lah kapriyé kaanané wawales-Ingsun (marang piala).

وَلَقَدِ اسْتُهْزِئَ بِرُسُلٍ مِّنْ قَبْلِكَ فَأَمْلَيْتُ لِلَّذِينَ كَفَرُوا ثُمَّ أَخَذْتُهُمْ فَكَيْفَ كَانَ عِقَابِ ٣٢

33 Lah apa ta Panjenengané, kang rumeksa sarupaning jiwa tumrap apa panggawéné.[1283] (Iku padha karo kang apes)? Éwadéné dhèwèké padha agawé sekuthon tumrap Allah. Calathua: Padha jenengna;[1284] apa ta kowé arep *anerangaké* marang Panjenengané prakara barang kang Panjenengané ora pirsa ing bumi, utawa apa ta (kowé arep anetepaké iki) kalawan pangucap kang lair?[1285] Balik tumrap kang padha kafir rancangané padha rinengga-nengga[1286] sarta padha tinulak saka ing dadalan; lan

Ut. *amartani*

أَفَمَنْ هُوَ قَائِمٌ عَلَىٰ كُلِّ نَفْسٍ بِمَا كَسَبَتْ وَجَعَلُوا لِلَّهِ شُرَكَاءَ قُلْ سَمُّوهُمْ أَمْ تُنَبِّئُونَهُ بِمَا لَا يَعْلَمُ فِي الْأَرْضِ أَمْ بِظَاهِرٍ مِّنَ الْقَوْلِ بَلْ زُيِّنَ لِلَّذِينَ كَفَرُوا مَكْرُهُمْ وَصُدُّوا عَنِ السَّبِيلِ وَ

1283. Pangandika punika sampun mengku raos ukara sambetipun ingkang boten kasebutaken, inggih punika ukara ingkang mungel makaten: *iku apa kaya déné kang ora mangkono*. Nanging ukara ingkang boten kasebutaken wau kalayan cetha kasasmitakaken wonten ing sambeting pangandika, éwadéné dhèwèkè padha gawé sisihan tumrap Allah. Terangipun sanajan ta para titiyang wau sampun sami mangertos manawi Allah punika waspada dhateng sadaya barang, déné brahala ingkang dipun anggé sisihanipun Allah boten.

1284. Kanggé anedahaken inanipun barang ingkang kaanggep dados sisihanipun Pangéran wau, para ingkang sami manembah kadhawuhan nyukani nama dhateng sesembahanipun, ing raos kados déné kapangandikakaken bilih sesembahan wau boten pantes dipun namakaken (Rz). Utawi, saged mengku teges nyukani nama ingkang mengku sifat kapangéranan, kadosta kang-paparing, kang-nitahaké, sapiturutipun (JB).

1285. Pangandika punika mengku dhawuh supados para titiyang wau sami migunakaken raosing manahipun Para manembah brahala punika anggènipun sami nembah brahala margi anggadhahi panganggep bilih brahala-brahala wau dados juru-pantawis antawising manusa kaliyan Allah; nanging Allah Pribadi punika nguningani sadaya ingkang kumelip wonten ing bumi, dados antawisipun kawula lan Gusti boten betah juru-pantawis barang.

ظاهر من القول *pangucap lahir*, punika pangaken ingkang boten wonten isinipun kasunyatan

1286. *Mirsanana kaca candhakipun.*

a. 94, 1099 sapa kang disasaraké déning Allah[a] ora bakal duwé panuntun.

مَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَمَا لَهٗ مِنْ هَادٍ ﴿٣٣﴾

34 Bakal padha olèh siksa ing dalem kauripan donya, sarta siksaning akhirat sayekti luwih abanget, apa déné ora bakal duwé pangayoman minangka panulak ing Allah.

لَهُمْ عَذَابٌ فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَلَعَذَابُ الْاٰخِرَةِ اَشَقُّ ۚ وَمَا لَهُمْ مِّنَ اللّٰهِ مِنْ وَّاقٍ ﴿٣٤﴾

35 Sanépané patamanan kang dijanjèkaké para wong bekti iku:[1287]
Ar. *ngisoré* ing *jeroné* kali-kaliné padha mili; woh-wohané tanpa pedhot, lan
Ut. *akèhé* (mangkono uga) *ayomé*;[1288] iki kawusanané para kang padha prayitna (saka ing ala), lan kawusanané para kafir iku geni.

مَثَلُ الْجَنَّةِ الَّتِيْ وُعِدَ الْمُتَّقُوْنَ ۗ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ ۗ اُكُلُهَا دَآئِمٌ وَّظِلُّهَا ۗ تِلْكَ عُقْبَى الَّذِيْنَ اتَّقَوْا ۖ وَّعُقْبَى الْكٰفِرِيْنَ النَّارُ ﴿٣٥﴾

36 Lan para kang wus padha Ingsun paringi Kitab[1289] iku padha bungah marang apa kang kadha-

وَالَّذِيْنَ اٰتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ يَفْرَحُوْنَ بِمَآ

punapa-punapa (Kf, JB). Wonten ing péranganing dhawuh ingkang kantun para titiyang wau sami kadhawuhan ngangen-angen, punapa pangakenipun dhateng wontenipun juru-pantawis punika wonten nyatanipun.

1286. Sinten ingkang ngrerengga pandamel awon tumrap para tiyang duraka, mirsanana 16: 63, 6: 43 tuwin 29: 38; sadaya wau anyebutaken kalayan terang bilih ingkang ngrerengga pandamel awon tumrap para manusa punika sétan. Ayat ingkang kantun piyambak ing nginggil sami plek kaliyan ingkang kapangandikakaken ing ngriki, namung kaot ing ayat wau mawi kasebutaken bilih ingkang nindakaken punika sétan: "lan panggawé-panggawéné dipaès-paèsi déning sétan tumrap dhèwèké; mulané banjur ngènggokaké dhèwèké saka ing dalan." Mirsanana ugi péranganipun ingkang wekasan 809.

1287. Perlu dipun pèngeti bilih suwarga ingkang kasebutaken wonten ing ngriki punika namung kasebut sanépa, makaten ugi ing 47: 15. Déné sababipun, kados déné ingkang kapangandikakaken ing haditsipun Kanjeng Nabi, nugrahanipun suwarga punika dèrèng naté tiningalan ing mripat, dèrèng naté kapireng ing talingan, lan dèrèng naté kumrenteg wonten ing manahipun manusa. Awit saking punika, kados punapa jatos-jatosing suwarga punika boten saged dipun mangertosi déning manusa, ngantos manawi manusa sampun ngraosaken piyambak nugrahanipun. Gagambaran ingkang katerangaken wonten ing dalem Quran punika namung sanépanipun kawontenan ingkang sajatos kémawon, awit nyukani pangertosan ing bab barang ingkang béda kawontenanipun kaliyan barang-barang ing jagad punika, sagedipun katindakaken namung sarana nyukani sanépa utawi contonipun.

1288. Tembung *dzill* punika kajawi ateges *ayang-ayangan* ugi mengku teges sanès-sanèsipun malih. Miturut Rgh tembung wau ugi ateges *kamulyan*, *sakéca*, utawi *mluwah-mluwah*. Makaten malih ugi ateges pangayoman (LL). Mirsanana ugi 591.

1289. Kitab ing ngriki Kitab Quran; bab punika sampun kacetha wonten ing pangandikaning ayat kalayan terang. Nanging inggih wonten sawenèh mufassir ingkang nyuraos Kitab ing ngriki wahyuning Pangéran ingkang sampun-sampun ingkang kaparingaken dhateng nabi-nabi Bani Israil, sarta anyuraos ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika titiyang Yahudi utawi titiyang Nasrani ingkang sami ngrasuk Islam (Bd).

wuhaké marang sira, lan para papanthan ana kang ngemohi sapérangan iku. Calathua: Aku iki mung didhawuhi, supaya aku angawulani Allah lan ora anyakuthokaké apa-apa karo Panjenengané; marang Panjenengané panguwuhku (ing kowé), sarta marang Panjenengané baliku.

أُنزِلَ إِلَيْكَ وَمِنَ الْأَحْزَابِ مَن يُنكِرُ بَعْضَهُ ۚ قُلْ إِنَّمَا أُمِرْتُ أَنْ أَعْبُدَ اللَّهَ وَلَا أُشْرِكَ بِهِ ۚ إِلَيْهِ أَدْعُوا وَإِلَيْهِ مَآبِ ﴿٣٦﴾

37 Lan kaya mangkono anggon Ingsun andhawuhaké iku, sawijining pancasan bener ing basa Arab, lan manawa sira manut pépénginané kang asor-asor ing sawisé ana kawruh tumeka marang sira, sira ora bakal duwé pangayoman *utawa* panjaga minangka panulaking Allah.

Ar. *lan ora (duwé)*

وَكَذَٰلِكَ أَنزَلْنَاهُ حُكْمًا عَرَبِيًّا ۚ وَلَئِنِ اتَّبَعْتَ أَهْوَاءَهُم بَعْدَ مَا جَاءَكَ مِنَ الْعِلْمِ ۙ مَا لَكَ مِنَ اللَّهِ مِن وَلِيٍّ وَلَا وَاقٍ ﴿٣٧﴾

RUKU' 6

Tansah majeng-majengipun Yakti

38, 39. Saben bangsa wonten mangsanipun ingkang tinamtu. 40-43. Yekti sampun anglimputi.

38 Lan sayekti temen Ingsun wus angutus para utusan ing sadurungira sarta padha Ingsun paringi jodho lan turun; lan ora dumunung ana ing (kawasaning) utusan anekakaké tandha iku, kajaba kalawan idining Allah; tumrap sarupaning katamtuan iku ana mangsané kang tinamtu.[1290]

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا رُسُلًا مِّن قَبْلِكَ وَجَعَلْنَا لَهُمْ أَزْوَاجًا وَذُرِّيَّةً ۚ وَمَا كَانَ لِرَسُولٍ أَن يَأْتِيَ بِآيَةٍ إِلَّا بِإِذْنِ اللَّهِ ۗ لِكُلِّ أَجَلٍ كِتَابٌ ﴿٣٨﴾

39 Allah angilangi sarta anetepaké apa kang dadi keparenging karsa-Né;[1291] lan ana ing ngarsa-Né *tatalesing* Kitab iku.[1292]

Ut. *baboning*

يَمْحُوا اللَّهُ مَا يَشَاءُ وَيُثْبِتُ ۖ وَعِندَهُ أُمُّ الْكِتَابِ ﴿٣٩﴾

1290. Suraosipun: tandha yakti ingkang asring dipun suwun punika inggih badhé kaparingaken manawi sampun dumugi masakalanipun ingkang sampun katamtokaken. Wiwit jaman wiwitan mila wahyuning Pangéran sampun amecakaken badhé sirnaning panguwaosipun titiyang Quraisy, ngantos dalasan ing salebetipun jaman sugengipun Kanjeng Nabi wonten ing Makkah, tumrap para titiyang wau katingal dangu sanget, boten saronta angentos-entosi kalampahanipun saèstu piweca wau, milanipun

1291, 1292. *Mirsanana kaca candhakipun*

40 Lan Ingsun bakal ameruhaké marang sira sapérangané kang Ingsun ancamaké marang dhèwèké utawa Ingsun agawé patinira, amarga sasangganira iku mung anekakaké ayahan, déné amancasi pétungané (dhèwèké) iku *ana ing Ingsun.*

Ar. *sasang-ganingsun*

وَإِن مَّا نُرِيَنَّكَ بَعْضَ ٱلَّذِى نَعِدُهُمْ أَوْ
نَتَوَفَّيَنَّكَ فَإِنَّمَا عَلَيْكَ ٱلْبَلَٰغُ وَعَلَيْنَا
ٱلْحِسَابُ ﴿٤٠﴾

41 Apa ta padha ora andeleng anggon-Ingsun angrawuhi bumi Ingsun elongi saka tepis-iringé?[1293] lan Allah iku amancasi – ora ana kang bisa ambadhal marang pancasan-É, lan Panjenengané iku rikat ing dalem pangétung.

أَوَلَمْ يَرَوْا۟ أَنَّا نَأْتِى ٱلْأَرْضَ نَنقُصُهَا
مِنْ أَطْرَافِهَا ۚ وَٱللَّهُ يَحْكُمُ لَا مُعَقِّبَ
لِحُكْمِهِۦ ۚ وَهُوَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿٤١﴾

42 Lan para ing sadurungé dhèwèké iku temen wis padha andhapuk rancangan, ananging kabèh pangrancang iku ana ing (astaning) Allah;[1294] Panjenengané anguningani apa panggawéné siji-sijining jiwa, lan para kafir bakal weruh, kawusananing padunungan (kang luwih becik) iku bagéané sapa.

وَقَدْ مَكَرَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ فَلِلَّهِ
ٱلْمَكْرُ جَمِيعًا ۖ يَعْلَمُ مَا تَكْسِبُ كُلُّ
نَفْسٍ ۗ وَسَيَعْلَمُ ٱلْكُفَّٰرُ لِمَنْ عُقْبَى ٱلدَّارِ ﴿٤٢﴾

---

para titiyang wau tansah nyuwun dhateng Kanjeng Nabi, supados tandha yakti wau tumunten kaparingaken.

1291.Punika pratélan gerban, wigatos anerangaken panguwaosing mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, ingkang mesthi badhé sirna sarta panguwaos sanèsipun badhé dipun jumenengaken minangka gegentosipun, awit manut karsaning Pangéran yakti mesthi kedah menang.

1292. Tembung saminipun punika, inggih punika *ummu-l-kitâb*, kasebut wonten ing 3: 6; ing ngriku ayat-ayat ingkang cetha wéla-wéla suraosipun kasebut *baboning Kitab*, awit ayat-ayat ingkang gagambaran kedah dipun suraos manut ayat-ayat ingkang cetha wéla-wéla wau. Ing ayat punika, angger-anggering Pangéran nglebur panguwaosing mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi tuwin menangaken Islam, kasebut *baboning Kitab*. Mila kasebut makaten awit kawonipun panguwaos ingkang awon, ingkang sampun kawecakaken langkung rumiyin, punika mesthi dados tandha yakti ingkang terang gamblang, ngantos sawarnining semang-semang lan sawarnining rekaos saged sirna manawi pasaksèn ingkang cetha wéla-wéla wau dipun ugemi.

1293. *Athraf* punika tegesipun *pinggir*, kanggé nembungakaken tiyang ageng tuwin tiyang asor utawi tiyang luhur (LL). Ingkang dipun karsakaken sawenèh tiyang luhur sami pejah, dadosipun mengsah lajeng ringkih utawi: cacah jiwanipun para titiyang kafir suda, inggih ingkang luhur inggih ingkang asor, awit saben dinten tansah wonten kémawon ingkang nilar pabarisanipun sarta lajeng anggebyur dhateng pabarisan Islam.

1294. Suraosipun upayanipun para mengsah boten perlu dipun ajrihi, awit sadaya upaya lan pangrencananipun dipun kuwaosi déning Allah. Utawi: wawalesing upayanipun para titiyang wau wonten ing astanipun Allah.

43 Lan para kang padha kafir padha calathu: Kowé iku dudu utusan. Calathua: Allah iku wis cukup minangka saksi antarané aku lan *kowé* lan sapa kang kadunungan kawruh Kitab.[1295]

وَيَقُولُ الَّذِينَ كَفَرُوا لَسْتَ مُرْسَلًا ۚ قُلْ كَفَىٰ بِاللَّهِ شَهِيدًا بَيْنِي وَبَيْنَكُمْ وَمَنْ عِنْدَهُ عِلْمُ الْكِتَابِ ﴿٤٣﴾

Ar. *antarané kowé kabèh*

1295. Kitab ing ngriki wahyunipun Allah ingkang sampun-sampun. Pangandika punika wigatos dhawuh amigatosaken wutah gumelaring kawontenan, bilih para ingkang sami gadhah ngilmunipun wahyuning Pangéran ingkang sampun-sampun mesthi sami aneksèni ing kayektèning wahyu Quran, awit wahyu Quran punika anjangkepi wahananing piweca-piweca ingkang sampun-sampun sarta wantun kalèlèr mawi lèlèraning wahyunipun Pangéran ingkang sajati. Ingkang peng-pengan piyambak, kados déné ingkang katerangaken wonten ing Pangandharing Torèt 18: 22, inggih punika anetepi wahananing piweca.

آياتها ٥٢ (١٤) سُورَةُ إِبْرٰهِيمَ مَكِّيَّةٌ ركوعاتها ٧

SURAT 14

IBRAHIM

(*Kanjeng Nabi Ibrahim*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(7 *ruku'*, 52 *ayat*)

Isinipun:

Ruku' 1. Wahyuning Pangéran anyirnakaken pepeteng.
Ruku' 2. Yakti punika ing wiwitan dipun emohi.
Ruku' 3. Panglawan wusananipun sirna.
Ruku' 4. Yakti dados teguh.
Ruku' 5. Tiyang angemohi yakti punika atindak dédé.
Ruku' 6. Panyuwunipun Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku' 7. Temahanipun panglawan.

Irah-irahanipun

Namanipun surat punika mirid saking asmanipun Kanjeng Nabi Ibrahim, ingkang panyuwunipun kasebutaken wonten ing ruku' ingkang kaping nenem. Ing dalem panyuwun wau ngemot unjukipun Kanjeng Nabi Ibrahim dhateng Pangéran, bab anggèsnipun ngenggènaken Kanjeng Nabi Isma'il wonten ing ara-ara samun ing Paran. Ingkang makaten punika mengku teges, supados dados pèpènget tumrap bangsa Arab ing bab kayektènipun Kanjeng Nabi Muhammad. Panyuwun wau dados sisifatanipun surat punika ingkang melok amiyambaki, katingal bédanipun kaliyan surat sanès-sanèsipun ingkang nunggil golongan.

Bab-bab ingkang kawarsitakaken

Surat punika kawiwitan kalayan dhawuh pratélan, bilih Quran wahyunipun Pangéran, asarana Quran wau manusa saged kaentas saking salebeting pepeteng katuntun dhateng papadhang, sarta ing salajengipun katerangaken bilih wahyuning Pangéran ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa, punika anggènipun katurunaken kalayan mengku sedya ingkang kados makaten wau ugi, nanging namung tumrap satunggaling umat ingkang tartamtu. Ruku' ingkang angka kalih nerangaken bilih Kanjeng Nabi Musa inggih mituturi umatipun supados purun nampèni yakti, nanging sadaya nabi punika ing sakawit mesthi dipun emohi. Ruku' ingkang kaping tiga nerangaken bilih ing wasananipun sadaya panglawan mesthi sirna; janjining Pangéran maringi pitulung dhateng Kanjeng Nabi kanyataan saèstu sarta mengsah-mengsahipun ingkang kiyat dados atanpa daya. Ruku' candhakipun amarsitakaken jumenengipun yakti, sarta punika lajeng kasambetan ing ruku' ingkang anerangaken bilih anggènipun angemohi yakti punika badhé mahanani karisakanipun piyambak, awit sadaya barang punika anggènipun katitahaken supados lalados dhateng para manusa; ingkang makaten punika ateges anetepaken kayektèning Kasawijènipun Pangéran. Punika lajeng kasambetan panyuwunipun Kanjeng Nabi Ibrahim ingkang munjuk anggènipun boten tumut-tumut dhateng sawarnining panembah-pangéran-kathah, sarwi anyebutaken kalayan mligi tedhak turunipun ingkang mijil saking Kanjeng Nabi Isma'il, ingkang ugi kadongakaken. Ing ruku' ingkang wekasan piyambak katerangaken, bilih ingkang sampun-sampun milawani dhateng yakti punika wekasanipun mesthi boten angsal damel; ing wekdal ingkang badhé dhateng inggih makaten ugi.

RUKU' 1

Wahyuning Pangéran anyirnakakaken pepeteng

1-3. Anuntun manusa dhateng papadhang. 4-6. Para nabi punika pandamelipun sami.

Kalawan asmaning Allah Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Ingsun, Allah Ingkang-Amir-
a. 1109 sani.[a] (Iki) kitab kang Ingsun dhawuhaké marang sira supaya sira angetokna manusa saka ing pepe-
b. 31 teng lelimengan[b] marang papadhang kalawan idining Pangérané – marang dadalané Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Ingalembana.

الٓرٰ ۚ كِتٰبٌ اَنْزَلْنٰهُ اِلَيْكَ لِتُخْرِجَ
النَّاسَ مِنَ الظُّلُمٰتِ اِلَى النُّوْرِ ۙ
بِاِذْنِ رَبِّهِمْ اِلٰى صِرَاطِ الْعَزِيْزِ الْحَمِيْدِ ①

2 Dadalané (Allah), kang sabarang kang ana ing langit-langit lan bumi kagungan-É; lan cilaka tumrap para kafir amarga saka siksa kang abot

اللّٰهِ الَّذِيْ لَهٗ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۗ
وَوَيْلٌ لِّلْكٰفِرِيْنَ مِنْ عَذَابٍ شَدِيْدِ ②

3 (Tumrap) para kang padha luwih dhemen ing kadonyan iki angungkuli akhirat lan padha nyimpang saka dadalané Allah, lan iki diarah bisané béngkong; iki padha dumunung ana ing sasar kang adoh.

الَّذِيْنَ يَسْتَحِبُّوْنَ الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا عَلَى
الْاٰخِرَةِ وَيَصُدُّوْنَ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ
وَيَبْغُوْنَهَا عِوَجًا ۗ اُولٰٓئِكَ فِيْ ضَلٰلٍ بَعِيْدٍ ③

Gathuking suraosipun

Ing dalem gogolonganipun surat pipitu ingkang jaman lan nunggil bab-babipun ingkang kawarsitakaken, surat punika kalebet ingkang angka gangsal, sarta surat punika anyebutaken kalayan langkung cetha malih punapa ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing surat ingkang sampun, inggih punika: ingkang kasedya ing wahyuning Pangéran punika anuntun manusa dhateng papadhang, nyirnakaken sawarnining agami panembah-pangéran-kathah, sarta milawani ancas ingkang adi-luhung makaten wau mesthi boten badhé angsal damel, sanajan kiyata di kados punapa anggènipun milawani wau, awit ancas wau mengku sedya adamel rahayunipun sagung para manusa.

Titimangsanipun nalika kadhawuhaken

Bab titimangsanipun nalika kadhawuhaken, surat punika kénging kagolongaken nunggil jaman kaliyan surat-surat panunggilanipun, ingkang kawiwitan kaliyan *alif, lâm, râ.* Ayat 13 nyebutaken kalayan terang upayanipun para kafir badhé nundhung Kanjeng Nabi, sarta ayat 46 nyebutaken upayanipun ingkang anggigirisi, punika dados pasaksèn bilih anggènipun katurunaken kirang langkung nalika jaman ngajengaken Hijrah.

4 Lan Ingsun angutus sawijining utusan iki ora liya kajaba nganggo basané bangsané supaya bisa anerangaké kalawan cetha marang dhèwèké;[1296] tumuli Allah agawé sasar sapa kang dadi kapareng-É, sarta anuntun sapa kang dadi kapareng-É, lan Panjenengané iku Ingkang-mahamulya, Ingkang-Wicaksana.[1297]

وَمَآ أَرْسَلْنَا مِن رَّسُولٍ إِلَّا بِلِسَانِ قَوْمِهِۦ لِيُبَيِّنَ لَهُمْ ۖ فَيُضِلُّ ٱللَّهُ مَن يَشَآءُ وَيَهْدِى مَن يَشَآءُ ۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٤﴾

5 Lan sayekti temen Ingsun wus angutus Musa angemban timbalan-timbalan-Ingsun pangandika-Ningsun: Wetokna bangsanira saka ing peteng lilimengan marang papadhang sarta padha élingna ing dinaning Allah;[1298] sayekti ing kono temen ana tandha-tandha

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ بِـَٔايَٰتِنَآ أَنْ أَخْرِجْ قَوْمَكَ مِنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِ وَذَكِّرْهُم بِأَيَّىٰمِ ٱللَّهِ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَٰتٍ

1296. Pratélan ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat punika, bilih nabi punika kautusipun mesthi ngangg basaning kaumipun, punika boten teka lajeng nuwuhaken "pupuntoning nalar" bilih "Nabi Muhammad nganggep awakipun piyambak punika namung dados Nabinipun bangsa Arab." Pupuntoning pamanggih makaten punika namung saged tuwuh manawi pangandika punika dipun suraos kalayan ingkang boten saleres-leresipun, sarta manawi ingkang nyuraos boten mangertos dhateng dhawuh ingkang kapangandikakaken wonten ing panggènan sanès-sanèsipun ing dalem Quran. Ing 7: 158 kasebutaken makaten: "Calathua: É, para manusa! sayekti aku iki utusaning Allah marang kowé kabèh, Kang karatoning langit-langit lan bumi iku kagungan-É." Pratélan saminipun punika kasebutaken wonten ing 34: 28 makaten: "Lan ora liya Ingsun angutus sira iku kajaba marang sakabèhing manusa, dadi juru-martani-bubungah sarta juru-pépéling." Ing ngriki (ing ayat ingkang saweg karembag punika) boten wonten ingkang mangandikakaken bab tebaning ayahanipun Kanjeng Nabi. Bab sanès malih ingkang kapangandikakaken ing ayat punika, ingkang kapangandikakaken ing ngriki, inggih punika: saben nabi punika kautusipun kalayan ngagem basaning kaumipun, dados boten kok mangandikakaken bilih ngemungaken kaumipun, utawi bangsa ingkang dipun rawuhi kémawon, ingkang kadhawuhan maringi piwulang ingkang kaampil. Déné sababipun mila saben nabi kautus mawi basaning kaumipun, punika ugi kasebutaken, inggih punika supados saged nerangaken dhateng kaumipun wau, awit inggih kaumipun wau ingkang wiwitan piyambak tampi ayahanipun. Babad lalampahanipun para andika nabi ambuktèkaken bilih ingkang sanget piyambak mengsahi dhateng satunggaling nabi, punika kaumipun piyambak. Kajawi punika, ugi sampun cetha bilih kautusipun satunggaling nabi punika samangsa kabetahaken, dados mesthinipun inggih kaum ingkang rumiyin piyambak tampi wasitanipun punika, ingkang awon piyambak kawontenanipun.

1297. Tetembungan *sapa kang dikarsakaké* punika sampun ngantos dipun suraos *sakarsa-karsa*. Leres, asring kasebutaken ing dalem Quran bilih dumunung ing sasar lan angsal pitedah utawi tuntunan punika manut kaparenging karsanipun Pangéran. Nanging ing pundi kémawon ing Quran Suci boten wonten ingkang nyebutaken bilih karsanipun Pangéran wau kapintonaken kalayan sakarsa-karsa. Kosokwangsulipun, asring sanget kasebutaken sinten ingkang kasasaraken lan sinten ingkang angsal tuntunan. Pangandika ing 2: 26 nerangaken kalayan ceplos, tiyang ingkang kados pundi ingkang kasasaraken: "Ananging ora diagem nasaraké wong siji-sijia kajaba wong kang padha murang yekti." Mirsanana 44, 1099. Bab angsal pitedah mirsanana 13: 27.

1298. Tembung بِأَيَّىٰمِ ٱللَّهِ ۚ punika katerangaken déning Mjd mengku teges *nugrahanipun Allah*

tumrap sadhéngah kang sabar, kang weruh ing panarima.

لِّكُلِّ صَبَّارٍ شَكُورٍ ﴿٥﴾

6 Lan nalikané Musa calathu
marang bangsané: Padha élinga
nugrahané Allah marang sira
kabèh, nalika Panjenengané anyla-
metaké sira saka wongé Fir'aun
kang anibakaké sira kabèh ing
a. 80 siksa kang ala[a] lan padha ambelèhi
anak-anakira lanang sarta anguripi
b. 81 anak-anakira wadon;[b] lan ana ing
kono iku coba kang gedhé saka
Pangéranira.

وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِ اذْكُرُوا نِعْمَةَ
اللَّهِ عَلَيْكُمْ إِذْ أَنجَاكُم مِّنْ آلِ فِرْعَوْنَ
يَسُومُونَكُمْ سُوءَ الْعَذَابِ وَيُذَبِّحُونَ
أَبْنَاءَكُمْ وَيَسْتَحْيُونَ نِسَاءَكُمْ ۚ وَفِي
ذَٰلِكُم بَلَاءٌ مِّن رَّبِّكُمْ عَظِيمٌ ﴿٦﴾

RUKU' 2

Yakti punika ing wiwitan dipun emohi

7, 8. Nabi Musa amituturi bangsanipun supados angajengana yakti. 9-12. Ayahanipun sadaya Nabi punika ing wiwitan dipun emohi.

7 Lan nalikané Pangéranira angundhangaké: Manawa sira padha weruh ing panarima yekti Ingsun bakal muwuhi (paparing-Ingsun marang) sira, lan manawa sira padha ora weruh ing panarima, sayekti siksa-Ningsun iku abot.

وَإِذْ تَأَذَّنَ رَبُّكُمْ لَئِن شَكَرْتُمْ لَأَزِيدَنَّكُمْ
وَلَئِن كَفَرْتُمْ إِنَّ عَذَابِي لَشَدِيدٌ ﴿٧﴾

8 Lan Musa calathu: Manawa
sira padha ora weruh ing panarima,
sira lan sapa-sapa ing bumi kabèh,
lah sayekti Allah iku piyambak wis
kecukup, Ingalembana.

وَقَالَ مُوسَىٰ إِن تَكْفُرُوا أَنتُمْ وَمَن فِي
الْأَرْضِ جَمِيعًا فَإِنَّ اللَّهَ لَغَنِيٌّ حَمِيدٌ ﴿٨﴾

c. 901
d. 903
e. 911 9 Apa ora tumeka ing sira cari-
tané para ing sadurungira, bang-
sané Nuh[c] lan 'Ad[d] lan Tsamud[e]

أَلَمْ يَأْتِكُمْ نَبَأُ الَّذِينَ مِن
قَبْلِكُمْ قَوْمِ نُوحٍ وَعَادٍ وَثَمُودَ ۛ

(TA). Ing kapustakan Arab tembung wau asring kesrambah tur inggih mengku teges kados makaten wau, kadosta tembung أيام العرب ingkang wantahipun ateges *dinané wong Arab*, punika dipun pigunakaken kalayan mengku teges *peperangané wong Arab*. Dados, rèhning paprangan makaten tuking nugraha tumrap ingkang menang lan tuking kasusahan tumrap ingkang kawon, milanipun *dinané Allah* punika lajeng mengku teges *pangrengkuhipun Allah dhateng para tiyang tulus kalayan sih-wilasa tuwin pidananipun Allah dhateng para tiyang duraka.*

وَالَّذِيْنَ مِنْ بَعْدِهِمْ ۛ لَا يَعْلَمُهُمْ اِلَّا اللّٰهُ ۗ جَآءَتْهُمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ فَرَدُّوْٓا اَيْدِيَهُمْ فِيْٓ اَفْوَاهِهِمْ وَقَالُوْٓا اِنَّا كَفَرْنَا بِمَآ اُرْسِلْتُمْ بِهٖ وَاِنَّا لَفِيْ شَكٍّ مِّمَّا تَدْعُوْنَنَآ اِلَيْهِ مُرِيْبٍ ۝٩

sarta para kang sapungkuré iki? Ora ana ameruhi dhèwèké kajaba Allah.[1298A] Para utusané padha anekani dhèwèké kalawan bukti-bukti kang cetha, ananging dhèwèké padha anyalobokaké tangan-tangané ing cangkem-cangkemé,[1299] sarta padha calathu: Sayekti, aku padha angemohi ing barang kang diutusaké ing kowé lan sayekti aku iki dumunung ing semang-semang kang *abanget* tumrap sabarang kang koajakaké marang aku kabèh.[1300]

قَالَتْ رُسُلُهُمْ اَفِى اللّٰهِ شَكٌّ فَاطِرِ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ يَدْعُوْكُمْ لِيَغْفِرَ لَكُمْ مِّنْ ذُنُوْبِكُمْ وَيُؤَخِّرَكُمْ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ۗ قَالُوْٓا اِنْ اَنْتُمْ اِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُنَا ۗ

10 Para utusané padha calathu: Apa ana semang-semangé ing dalem (prakara) Allah, kang anitahaké langit-langit lan bumi? Panjenengané anguwuh sira amrih angapura marang sira saka ing kaluputanira sarta anyumenèkaké sira tumeka mangsa kang tinamtu. Dhèwèké padha calathu: Kowé iku ora liya kajaba wong padhané aku;

1298A. Pratélan punika prayogi dipun pèngeti. Quran boten ngaken manawi anyariyosaken babad lalampahanipun para andika nabi sadaya, sarta kados déné ingkang katerangaken wonten ing panggènan sanès (4: 164 tuwin 40: 78), taksih kathah para utusan ingkang boten kasebutaken wonten ing Quran Suci. Nanging pratélan ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika langkung jembar malih, awit pratélan punika anerangaken bilih boten wonten kitab sanèsipun ingkang nyebutaken para andika nabi sadaya cacahipun kalangkung déning kathah, ngemungaken Allah piyambak ingkang uninga. Menggah ing sajatos-jatosipun, Bébel punika inggih namung isi cariyosipun nabi sawatawis, tur namung nabi-nabinipun umat satunggal.

1299. ردوا ايديهم فى افواههم punika wantahipun ateges *padha nyalobokaké tangan-tangané marang cangkem-cangkemé*. Abu 'Ubaidah tuwin Akhfasy nerangaken bilih tiyang Arab cariyos: اسكت عن الجواب وامسك رد يده فى فيه jawinipun: *manawa ana wong ora mangsuli pitakonan (margi boten saged) sarta meneng baé dhèwèké banjur nyalobakaké tangané marang cangkemé* (AH). Utawi, kados déné anggènipun nerangaken para mufassirin ingkang sapérangan kathah ukara punika sami kaliyan ukara ingkang langkung kelimrah malih عض الانامل jawinipun *ngethoki driji*, kanggé nélakakaken nepsu, ingkang ugi kasebut wonten ing Quran ing 3: 118; dados ukara wau saged mengku teges *padha nyakoti tangan-tangané* (margi nepsu). Utawi inggih saged namung ateges para kafir sami ngacungaken tanganipun dhateng lésanipun para utusan, wigatos ngakèn kèndel.

1300. Pratélan gerban ingkang kapangandikakaken wonten ing ruku' punika tuwin ing ruku' candhakipun bab kawontenanipun para utusan tuwin garapipun umat-umatipun dhateng utusan-utusan wau, punika ingkang baku mangandikakaken kawontenanipun para utusan umumipun; nanging punika ugi wigatos mangandikakaken bab kautusipun Kanjeng Nabi Muhammad, bab anggènipun mengsahi

kowé padha niyat arep anyimpangaké aku saka apa kang adaté disembah-sembah bapak-bapakku; mulané anekakna wisésa kang cetha marang aku.

تُرِيدُونَ أَنْ تَصُدُّونَا عَمَّا كَانَ يَعْبُدُ
آبَاؤُنَا فَأْتُونَا بِسُلْطَانٍ مُبِينٍ ﴿١٠﴾

11 Para utusané padha calathu marang dhèwèké: Aku iki ora liya kajaba wong padhané sira, ananging Allah amaringaké nugraha(-Né) marang kawula-Né, sapa sing kaparenging karsa-Né, lan ora mungguh tumrapé aku yèn anekakna wisésa marang sira kajaba kalawan idining Allah; lan marang Allah kuduné anggoné sumarah para angèstu.

قَالَتْ لَهُمْ رُسُلُهُمْ إِنْ نَحْنُ إِلَّا بَشَرٌ
مِثْلُكُمْ وَلَٰكِنَّ اللَّهَ يَمُنُّ عَلَىٰ مَنْ يَشَاءُ
مِنْ عِبَادِهِ ۖ وَمَا كَانَ لَنَا أَنْ نَأْتِيَكُمْ
بِسُلْطَانٍ إِلَّا بِإِذْنِ اللَّهِ ۚ وَعَلَى اللَّهِ
فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ ﴿١١﴾

12 Lan apa ta karanané yèn aku, ora padha sumaraha marang Allah, lan temen Panjenenganė wus anuntun aku ing dadalanku? Lan sayekti aku bakal padha anyabaraké marang panguya-uyamu ing aku; lan marang Allah kuduné anggoné sumarah para kang padha sumarah.

وَمَا لَنَا أَلَّا نَتَوَكَّلَ عَلَى اللَّهِ وَقَدْ هَدَانَا
سُبُلَنَا ۚ وَلَنَصْبِرَنَّ عَلَىٰ مَا آذَيْتُمُونَا ۚ
وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُتَوَكِّلُونَ ﴿١٢﴾

RUKU' 3

Panglawan wusananipun sirna

13-20. Janji pitulungan Allah sarta anggènipun dipun tuhoni. 21. Para ingkang angalang-alangi badhé tanpa daya.

13 Lan para kang padha kafir anyalathu marang para utusané: Sayekti aku bakal padha nundhung kowé kabèh saka ing bumiku (kéné), utawa kowé kudu padha bali ing agamaku.[1301] Tumuli Pangérané amedhar sabda marang dhèwèké: Sayekti Ingsun bakal anglebur para kang atindak dudu:

وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِرُسُلِهِمْ لَنُخْرِجَنَّكُمْ
مِنْ أَرْضِنَا أَوْ لَتَعُودُنَّ فِي مِلَّتِنَا ۖ
فَأَوْحَىٰ إِلَيْهِمْ رَبُّهُمْ لَنُهْلِكَنَّ الظَّالِمِينَ ﴿١٣﴾

umatipun dhateng panjenenganipun, anggènipun sami nundhung panjenenganipun saking kitha padununganipun, sarta bab kedadosanipun ingkang wekasan umat wau, inggih punika kawonipun umat wau.

1301. Sampun cetha awéla-wéla manawi ingkang makaten punika ugi kasandhang déning Kanjeng Nabi wonten ing tengah-tengahing mengsah-mengsahipun.

وَلَنُسْكِنَنَّكُمُ الْأَرْضَ مِنْ بَعْدِهِمْ ۚ ذَٰلِكَ لِمَنْ خَافَ مَقَامِي وَخَافَ وَعِيدِ ﴿١٤﴾

14 Lan sayekti Ingsun bakal angenggonaké sira ing bumi ing sapungkuré dhèwèké; iki tumrap sapa-sapa kang wedi ana ing ngarsané Panjenengan-Ingsun sarta wedi ing pangancam-Ingsun.[1302]

وَاسْتَفْتَحُوا وَخَابَ كُلُّ جَبَّارٍ عَنِيدٍ ﴿١٥﴾

15 Dhèwèké padha nyuwun pancasan sarta sarupané kang milawani tanpa duduga padha kacuwan:

مِّنْ وَرَائِهِ جَهَنَّمُ وَيُسْقَىٰ مِنْ مَّاءٍ صَدِيدٍ ﴿١٦﴾

16 Naraka ana ing ngarepé sarta diombèni banyu panas;[1303]

يَتَجَرَّعُهُ وَلَا يَكَادُ يُسِيغُهُ وَيَأْتِيهِ الْمَوْتُ مِنْ كُلِّ مَكَانٍ وَّمَا هُوَ

17 Anggoné ngombé saka sathithik-sathithik sarta ora kalawan kapénak pangulune, apa déné *kasusahan*[1304] bakal anekani dhèwèké saka sadhéngah panggonan,

Ar. *pati*

Ar. *lan*

1302. Piweca bab menangipun ingkang wekasan Kanjeng Nabi tuwin leburipun babar pisan saha ambrukipun panguwaosing mengsah-mengsahipun, punika asring sanget kasebutaken wonten ing Quran Suci, nanging ing ngriki kapangandikakaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang. Para mengsah sami kapangandikan bilih piyambakipun kénging nundhung Kanjeng Nabi, nanging boten wonten semang-senmangipun malih ing wasananipun panjenenganipun mesthi rawuh malih, tur kalayan menang, sarta kajumenengaken dados ingkang maréntah wonten ing nagari ngriku, ing sasampuning panguwaosipun para mengsah wau remuk tan mangga puliha. Menggah ing sajatos-jatosipun ayat punika mengku piweca ingkang cetha bab linggaripun Kanjeng Nabi saking Makkah tuwin rawuhipun malih dhateng kitha wau tur kalayan menang lan dados ingkang ngasta papréntahan. Ayat punika anyambeti surat ingkang ngemot piweca bab wau sadaya kalayan gagambaran, dados kénging winastan ayat punika dumunung anyethakaken suraosipun gagambaran ing surat ingkang kaping 12. Perlu dipun pèngeti bilih tetembungan ingkang kagem wonten ing ngriki kanggé mangandikakaken sedyanipun para mengsah badhé anundhung Kanjeng Nabi tuwin badhé rawuhipun malih Kanjeng Nabi, punika tetembungan ingkang mengku raos yakin ingkang sanget, yakin mesthi badhé kalampahan saèstu.

1303. *Mâ-un shadîd* punika warni-warni tiyang anggènipun anjarwani, kadosta dipun jarwani *nanah-wuk*, *toya reged*, *toya bentèr* utawi *toya umob*. *Shadîd* dipun tegesi *nanah* punika inggih leres, nanging manawi dipun tegesi makaten lajeng boten saged kasebut *mâ-un shadîd*. Anggènipun anjarwani tuwan Palmer: *nanah kang mili*, boten mathuk, awit tembung *shadâd* punika dados sifatipun tembung *mâ'* (*toya*), sarta *toya* punika wonten ing basanipun ingkang asli boten naté kadadosaken tembung sifat kanggé nyifati *nanah*, awit *nanah* makaten sampun asifat cuwer (saged mili). Dados awit saking punika jarwanipun tuwan Palmer wau sarta anggènipun nafsiri bilih pangandikaning ayat punika ''tembung ingkang kotor,'' punika boten mantuk kaliyan nyatanipun. *Shadîd* punika tegesipun *toya bentèr*, utawi *toya ingkang dipun godhog ngantos kenthel* (LA, TA), sarta rèhning ing panggènan sanès ing Quran Suci ingkang dipun agem nembungaken *mâ-un hamîm*, milanipun jarwan ing ngriki ingkang leres.

1304. Tembung *maut* punika boten tamtu namung mengku teges *pejah*, wangsul gadhah teges sanès-sanèsipun malih. Miturut Rgh, ing ngriki ateges *kasusahan ingkang nyedhihaken*. Suraosipun pangandika: sedhih lan susah ingkang saged anjalari pejah badhé dipun sandhang déning piyambakipun, nanging piyambakipun boten pejah, awit pejah utawi "mantun gesang" makaten *lerem*, mangka

بِمَيِّتٍؕ وَ مِنۡ وَّرَآئِهٖ عَذَابٌ غَلِيۡظٌ ﴿۱۷﴾

ananging dhèwèké ora bakal mati, sarta siksa ingkang anggigirisi bakal ana ngarepé.

مَثَلُ الَّذِيۡنَ كَفَرُوۡا بِرَبِّهِمۡ اَعۡمَالُهُمۡ
كَرَمَادِ ۨاشۡتَدَّتۡ بِهِ الرِّيۡحُ فِىۡ يَوۡمٍ
عَاصِفٍؕ لَا يَقۡدِرُوۡنَ مِمَّا كَسَبُوۡا عَلٰى
شَىۡءٍؕ ذٰ لِكَ هُوَ الضَّلٰلُ الۡبَعِيۡدُ ﴿۱۸﴾

18 Sanépané para kang padha kafir marang Pangérané: panggawé-panggawéné kaya déné awu kang katiyup ing angin ing dina sindhung riwut, dhèwèké ora bakal bisa nguwasani sathithik-thithika marang barang kang wus pinakolih; iki sasar kang adoh.

اَلَمۡ تَرَ اَنَّ اللّٰهَ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالۡاَرۡضَ
بِالۡحَـقِّؕ اِنۡ يَّشَاۡ يُذۡهِبۡكُمۡ وَيَاۡتِ
بِخَلۡقٍ جَدِيۡدٍۙ ﴿۱۹﴾

19 Apa sira ora weruh, yèn Allah wus anitahaké langit-langit lan bumi kalayan yakti? Manawa Panjenengané angarsakna, Panjenengané amundhut sira sarta anekakaké titah kang anyar.

وَّمَا ذٰ لِكَ عَلَى اللّٰهِ بِعَزِيۡزٍ ﴿۲۰﴾

20 Lan iki ora angèl ingatasé Allah.[1305]

وَبَرَزُوۡا لِلّٰهِ جَمِيۡعًا فَقَالَ الضُّعَفٰٓؤُا
لِلَّذِيۡنَ اسۡتَكۡبَرُوۡۤا اِنَّا كُنَّا لَـكُمۡ تَبَعًا فَهَلۡ
اَنۡتُمۡ مُّغۡنُوۡنَ عَنَّا مِنۡ عَذَابِ اللّٰهِ مِنۡ
شَىۡءٍؕ قَالُوۡا لَوۡ هَدٰٮنَا اللّٰهُ لَهَدَيۡنٰكُمۡؕ
سَوَآءٌ عَلَيۡنَاۤ اَجَزِعۡنَاۤ اَمۡ صَبَرۡنَا مَا
لَـنَا مِنۡ مَّحِيۡصٍ ﴿۲۱﴾

21 Lan dhèwèké bakal padha ngaton ing ngarsaning Allah kabèh, banjur para kang apes bakal calathu marang para kang padha gumedhé: Sayekti aku biyèn padha pandhèrèkmu, lah apa kowé padha bisa anulak siksaning Allah sathithik-sathithik saka ing aku? Bakal padha calathu: Mungguh Allah anuntuna aku, amasthi aku padha anuntun ing kowé; padha baé ingatasé aku kabèh, apa (saiki) aku padha ora sabar apa padha sabar; aku padha ora duwé pangungsén.

---

inggih lerem punika ingkang boten badhé dipun raosaken piyambakipun. Punika sajatos-jatosing naraka, inggih punika: tiyang tansah angenes lan boten saged angsal panglipur.

1305. Ayat 18-20 punika ugi piweca. Ayat 18 nerangaken bilih sadaya panyarempengipun para mengsah lumawan Kanjeng Nabi badhé atanpa gina, déné ayat 19 lan 20 memèngeti para kafir bilih panguwaosipun badhé sirna sarta umat sanès badhé anggentosi piyambakipun lan maréntah nagarinipun.

RUKU' 4

Yakti dados teguh

22. Sétan anilar para pandhèrèkipun. 23. Para angèstu sami dumunung ing karahayon. 24, 25. Yakti punika tatalesipun kekah. 26. Awon punika tanpa tatales. 27. Para angèstu dipun santosakaken.

22 Lan sétan[1306] bakal calathu bareng prakara wis kaputus: Sayekti Allah wis anjanjèni kowé janji nyata, lan aku iya anjanjèni kowé, ananging kowé padha dakcidrani,[1307] lan ingatasé marang kowé aku ora duwé purba wisésa[1308] ananging marang kowé aku mung ajak-ajak, kowé banjur padha miturut marang aku; mulané aja padha anutuh aku, lan padha nutuha awakmu dhéwé: Ora bisa aku (saiki) dadi réwangmu lan iya ora bisa kowé padha dadi réwangku: sayekti, aku anyélaki *marang* anggonmu padha anyakuthokaké aku (karo Allah) ing biyèn;[1309] sayekti, para wong atindak dudu kang bakal padha olèh bagèan siksa kang nglarani.

Ar. *akarana*

وَقَالَ الشَّيْطٰنُ لَمَّا قُضِيَ الْاَمْرُ اِنَّ اللّٰهَ
وَعَدَكُمْ وَعْدَ الْحَقِّ وَوَعَدْتُّكُمْ فَاَخْلَفْتُكُمْ ۗ
وَمَا كَانَ لِيَ عَلَيْكُمْ مِّنْ سُلْطٰنٍ اِلَّآ اَنْ
دَعَوْتُكُمْ فَاسْتَجَبْتُمْ لِيْ ۚ فَلَا تَلُوْمُوْنِيْ
وَلُوْمُوْٓا اَنْفُسَكُمْ ۗ مَآ اَنَا بِمُصْرِخِكُمْ
وَمَآ اَنْتُمْ بِمُصْرِخِيَّ ۗ اِنِّيْ كَفَرْتُ بِمَآ
اَشْرَكْتُمُوْنِ مِنْ قَبْلُ ۗ اِنَّ الظّٰلِمِيْنَ
لَهُمْ عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝٢٢

1306. Sétan ingkang kasebutaken ing ngriki punika boten sanès inggih para panuntuning awon ingkang ambeg gumedhé, ingkang kasebut ing ayat ingkang sampun. Kacundhukna ugi kaliyan 37: 30, ing ngriku tetembungan saminipun punika, inggih punika: aku ora duwé pangawasa ing atasé kowé kabèh, punika kawarna kaucapaken déning para panuntuning awon saking antawisipun para manusa.

1307. Samangsa tiyang punika kasasar dhateng pandamel awon, ing wekasanipun piyambakipun mesthi lajeng nyatakaken piyambak bilih pangebang-ebang pandamel awon badhé mikangsalaken saé, punika lugu namung dora-cara blaka. Mirsanana 4: 120 "Dhèwèké padha disaguhi lan padha ditatangi pépénginané kang muspra; lan ora liya kasaguhané sétan marang dhèwèké iku kajaba mung ngapusi." Mirsanana ugi 17: 64.

1308. Prayogi dipun pèngeti bilih ing ngriki sétan anyélaki bilih anggadhahi panguwaos ing atasipun para ingkang sami nindakaken awon. Miturut piwulangipun Quran Suci, boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang kapeksa ngambah margi ingkang awon. Tiyang awon nedahaken dhateng margi ingkang awon, tiyang ingkang nindakaken awon anggega sarta lajeng ngambah margi ingkang awon wau.

1309. Anyélaki anggènipun kadadosaken sisihanipun Allah punika mengku teges angakeni bilih piyambakipun boten pantes dipun enut. Samangsa wohipun ingkang awon pandamel awon punika sampun kawedhar cetha pratéla, ingkang ngajani dhateng margi ingkang awon mesthi lajeng wisuh, boten pisan-pisan manawi piyambakipun ingkang nuntun tiyang ingkang nindakaken pandamel awon dhateng pandamel awon wau. Mirsanana 35: 14 "Manawa sira anguwuh dhèwèké, dhèwèké bakal ora padha ngrungu panguwuhira; lan yèn ta bisaa ngrungu, iya ora bisa nyembadani marang sira; sarta ing dina kiyamat bakal padha anyélaki anggoné padha sira sakutokaké karo Allah." Pangandika punika ugi

23 Lan para kang padha angèstu lan padha alaku becik padha dilebokaké ing patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ing kono kalawan idining Pangérané; pakurmaté ana ing kono: Rahayu.

Ar. *ngisoré*

وَ اُدْخِلَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا بِاِذْنِ رَبِّهِمْ ؕ تَحِيَّتُهُمْ فِيْهَا سَلٰمٌ ﴿۲۳﴾

24 Apa sira ora animbang-nimbang, kapriyé anggoné Allah wus adamel sanépané sabda utama, (iku) kaya déné wit kang becik kang oyodé kukuh lan kang pang-pangé *dhuwur*,[1310]

Ar. *ing langit*

اَلَمْ تَرَ كَيْفَ ضَرَبَ اللّٰهُ مَثَلًا كَلِمَةً طَيِّبَةً كَشَجَرَةٍ طَيِّبَةٍ اَصْلُهَا ثَابِتٌ وَّ فَرْعُهَا فِي السَّمَآءِ ﴿۲۴﴾

25 Angetokaké wohé ing sadhéngah mangsa kalawan idining Pangérané? Lan Allah adamel sanépa-sanépa tumrap para manusa, supaya padha élinga.

تُؤْتِيْۤ اُكُلَهَا كُلَّ حِيْنٍۭ بِاِذْنِ رَبِّهَا ؕ وَ يَضْرِبُ اللّٰهُ الْاَمْثَالَ لِلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُوْنَ ﴿۲۵﴾

26 Lan sanépané sabda candhala iku kaya dhéné wit ala, rungkad

وَ مَثَلُ كَلِمَةٍ خَبِيْثَةٍ كَشَجَرَةٍ خَبِيْثَةِ اجْتُثَّتْ

---

mengku suraos: *aku kafir amarga kowé wis andadèkaké aku dadi sisihané Allah*, terangipun: para panuntun wau anggènipun sami kafir margi dipun tuntuni déning para ingkang sami manut dhateng piyambakipun, sarana dipun alembana sakayangipun, dadosipun lajeng sami gadhah anggep manawi piyambakipun pantes dipun enut lan dipum turut.

1310. Sanépa ingkang nyanépakaken sabda utama kaliyan wit ingkang saé, punika lajeng katungka kasambetan pratélan bab padununganipun ingkang wekasan para ingkang sami nindakaken pandamel saé, ingkang ing Quran Suci kasebutaken marambah-rambah taman, utawi taman-taman ingkang ngandhapipun wonten bengawanipun mili. Pratélan makaten punika saged suka ular-ular dhateng kula sami bab jatos-jatosing suwarga manut piwulangipun Islam. Sabda utama punika kados déné wit ingkang saé ingkang ngedalaken woh ing sadhéngah mangsa, dados awit saking punika wowohan ingkang badhé dipun panggih ing manusa wonten ing suwarga, ingkang sampun cumawis lan kantun methik, punika boten sanès inggih wohing pandamelipun piyambak ingkang saé, déné wit-witaning suwarga punika menggah ing sajatos-jatosipun pandamelipun manusa piyambak ingkang saé, ingkang tuwuh dados wit, ngedalaken woh, ingkang woh wau sumariranipun woh ruhani pandamelipun ingkang saé nalika wonten ing gesang sapunika punika. Perlu dipun pèngeti ugi, pandamel saé kasanépakaken kaliyan wit ingkang ngedalaken woh, lah, iman punika marambah-rambah kasanépaken wonten ing dalem Quran kados déné toya, awit toya makaten tuking gesang jasmani. Inggih awit saking punika déné para tiyang tulus punika mesthi katembungakenn *para ingkang sami angèstu lan nindakaken pandamel saé*, déné suwarga mesthi katembungaken *taman* ingkang wonten *bengawanipun* ingkang mili; *bengawan* gathukipun kaliyan iman, wit-witaning taman gathukipun kaliyan pandamel saé ingkang katindakaken déning manusa.

Kedah dipun èngeti bilih *kalimah* (jawinipun *tembung*) punika kanggé nembungakenn sadhéngah barang, sami ugi tembung ingkang kaucapaken punapa pandamel ingkang katindakaken. Nalika nerang-aken تمت كلمة ربك صدقا وعدلا Rgh nerangaken makaten: *Kalimah* (*tembung*) *punika kawontenan utawi barang, awit saben kawontenan utawi barang punika katembungaken kalimah, sami ugi tetembungan punapa pandamel.*

saka ing dhuwuring bumi; kasantosané ora ana.[1311]

مِنْ فَوْقِ الْأَرْضِ مَا لَهَا مِنْ قَرَارٍ ﴿٢٦﴾

27 Allah anetepaké para kang padha angèstu, kalawan sabda kang tetep, ing dalem kauripan donya lan ing dalem akhirat, sarta Allah anasaraké wong-wong kang atindak dudu, lan Allah iku anindakaké apa kaparenging karsa-Né.[1312]

يُثَبِّتُ اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا بِالْقَوْلِ الثَّابِتِ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا وَفِي الْآخِرَةِ ۖ وَيُضِلُّ اللَّهُ الظَّالِمِينَ ۚ وَيَفْعَلُ اللَّهُ مَا يَشَاءُ ﴿٢٧﴾

RUKU' 5

Tiyang angemohi yakti punika atindak dédé

28-30. Tiyang punika adamel karisakanipun piyambak. 31. Para angèstu dipun pépélingi. 32-34. Samukawis punika kadadosaken alalados dhateng manusa.

Ut. *ora narima*

28 Apa sira ora andeleng marang para kang padha angijoli nugrahaning Allah kalawan *kakafiran*[1313] sarta angudhunaké bangsané ing enggon karusakan,[1314]

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ بَدَّلُوا نِعْمَتَ اللَّهِ كُفْرًا وَأَحَلُّوا قَوْمَهُمْ دَارَ الْبَوَارِ ﴿٢٨﴾

29 (Ing) naraka? Dhèwèké bakal malebu mrono, lan ala padunungan iku.

جَهَنَّمَ يَصْلَوْنَهَا ۖ وَبِئْسَ الْقَرَارُ ﴿٢٩﴾

1311. Pandamel awon punika kasanépakaken kados déné wit ingkang oyodipun boten tumunjem dhateng salebeting siti, ingkang mesthinipun boten saged gesang. Awit saking punika pandamel awon punika boten badhé saged lastantun subur lan boten badhé ngedalaken woh ingkang migunani.

1312. Pratélan ingkang terang gamblang ing ayat punika saged madhangaken pratélan pinten-pinten ingkang samar-samar. Ingkang kasasaraken Allah punika namung tiyang ingkang atindak dédé, tiyang ingkang boten dosa inggih boten. Manawi katembungaken sanès, para ingkang tétéla atindak dosa sami kasasaraken; dosanipun punika ingkang nuntun piyambakipun dhateng sasar. Ingkang makaten punika sami kémawon kaliyan amastani Allah boten maringi papadhang dhateng tiyang ingkang mempen wonten ing dalem senthong, ingkang sadaya konten-kontenipun lan cendhélanipun katutup rapet. Ingkang nyababaken piyambakipun kasasar, punika dosanipun, Allah namung nasaraken piyambakipun margi piyambakipun atindak dosa. Manawi piyambakipun kapok saking anggènipun atindak dosa, Allah inggih boten anasaraken piyambakipun.

1313. Terangipun para titiyang wau sami angemohi nugrahanipun Allah inggih punika wahyuning Pangéran ingkang dipun ampil déning Kanjeng Nabi, ingkang sedyanipun badhé andadosaken para titiyang wau dados umat ingkang ageng lan minulya, kosokwangsulipun para titiyang wau malah milaur milih kafir. Utawi teges satunggalipun ingkang kasebut wonten ing margin punika ingkang dipun anggé, déné suraosipun: para titiyang wau boten sami atur panuwun sampun kaparingan nugrahanipun Allah, wangsul sami kafir (boten atur panuwun).

1314. Pratélan punika piweca. *Fi'il madli* (tembung kriya ingkang nedahaken pandamel ing wekdal ingkang sampun kalampahan) punika wonten ing basanipun piweca asring dipun anggé kanggé anedahaken wekdal ingkang badhé dhateng ingkang mesthi kalampahanipun.

30 Lan dhèwèké padha agawé sisihan anjèjèri Allah, pamrihé anasaraké (wong-wong) saka ing dadalan-É. Calathua: Padha ematna, lah sayekti, balinira iku tumeka marang geni.

وَجَعَلُوا لِلّٰهِ اَنْدَادًا لِّيُضِلُّوْا عَنْ سَبِيْلِهٖ ۗ
قُلْ تَمَتَّعُوْا فَاِنَّ مَصِيْرَكُمْ اِلَى النَّارِ ﴿٣٠﴾

31 Calathua marang para kawula-Ningsun kang padha angèstu padha anjumenengna salat sarta amèwèhna barang paparing-Ingsun marang dhèwèké, kalawan sisidheman utawa kalawan ngedhèng, ing sadurungé tekaning dina, kang ing kono ora ana dol tinuku lan ora ana mimitran:

قُلْ لِّعِبَادِيَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا يُقِيْمُوا الصَّلٰوةَ
وَيُنْفِقُوْا مِمَّا رَزَقْنٰهُمْ سِرًّا وَّعَلَانِيَةً
مِّنْ قَبْلِ اَنْ يَّاْتِيَ يَوْمٌ لَّا بَيْعٌ فِيْهِ
وَلَا خِلٰلٌ ﴿٣١﴾

32 Allah iku Kang anitahaké langit-langit lan bumi sarta anurunaké banyu saka ing mendhung, banjur didamel angetokaké wowohan, minongka rijeki tumrap marang sira, sarta Panjenengané andadèkaké prau alaladi marang sira, amrih padha lumaku ing sagara kalawan paréntahé Panjenengané, apa déné Panjenengané andadèkaké kali-kali padha laladi marang sira.[1315]

اَللّٰهُ الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ
وَاَنْزَلَ مِنَ السَّمَاۤءِ مَاۤءً فَاَخْرَجَ بِهٖ
مِنَ الثَّمَرٰتِ رِزْقًا لَّكُمْ ۚ وَسَخَّرَ لَكُمُ
الْفُلْكَ لِتَجْرِيَ فِى الْبَحْرِ بِاَمْرِهٖ ۚ وَسَخَّرَ
لَكُمُ الْاَنْهٰرَ ﴿٣٢﴾

33 Lan Panjenengané andadèkaké sréngéngé lan rembulan alaladi marang sira, sakaroné padha lumaku manut dalané, apa déné Panjenengané andadèkaké wengi lan raina alaladi marang sira.

وَسَخَّرَ لَكُمُ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ دَاۤىِٕبَيْنِ ۚ
وَسَخَّرَ لَكُمُ الَّيْلَ وَالنَّهَارَ ﴿٣٣﴾

34 Lan Panjenengané amaringi sira sarupané barang panyuwunira ing Panjenengané; lan lamun sira

وَاٰتٰىكُمْ مِّنْ كُلِّ مَا سَاَلْتُمُوْهُ ۗ وَاِنْ

1315. Ing ayat punika tuwin ing ayat candhakipun katerangaken bilih sagung titah punika kadamel teluk dhateng manusa; makaten punika kanggé anedahaken sapinten luhuring lenggahipun manusa wonten ing tengah-tengahing titah sadaya. Lah manawi makaten manusa nama ngloropaken awakipun piyambak, manawi piyambakipun ngantos kasdu sujud lan manembah dhateng barang-barang ingkang pancènipun kapurih lalados dhateng piyambakipun.

تَعُدُّوا نِعْمَتَ اللَّهِ لَا تُحْصُوهَا ۗ إِنَّ الْإِنسَانَ
لَظَلُومٌ كَفَّارٌ ﴿٣٤﴾

padha angitunga nugrahaning Allah, iku sira ora bisa ngétung; sayekti, manusa iku banget anggoné atindak dudu, banget ora duwé panarima.

RUKU' 6

Panyuwunipun Nabi Ibrahim

35-41. Panyuwunipun Kanjeng Nabi Ibrahim punika pasaksèn ingkang cetha tumrap yaktinipun Kanjeng Nabi.

وَإِذْ قَالَ إِبْرَاهِيمُ رَبِّ اجْعَلْ هَٰذَا
الْبَلَدَ آمِنًا وَاجْنُبْنِي وَبَنِيَّ أَن
نَّعْبُدَ الْأَصْنَامَ ﴿٣٥﴾

35 Lan nalikané Ibrahim munjuk: Pangéran kawula! mugi nagari punika Tuwan dadosaken (nagari ingkang) kerta, saha mugi kawula tuwin anak-anak kawula Tuwan tebihaken saking angawulani brahala-brahala;[1316]

رَبِّ إِنَّهُنَّ أَضْلَلْنَ كَثِيرًا مِّنَ النَّاسِ ۖ
فَمَن تَبِعَنِي فَإِنَّهُ مِنِّي ۖ وَمَنْ عَصَانِي فَإِنَّكَ
غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٣٦﴾

36 Pangéran kawula! saèstu, punika sampun anasaraken titiyang kathah;[1317] milanipun sinten ingkang manut ing kawula, saèstu punika golongan kawula, lan sinten ingkang ambangkang ing kawula, lah saèstu Tuwan punika Aparamarta, Mahaasih:[1318]

رَبَّنَا إِنِّي أَسْكَنتُ مِن ذُرِّيَّتِي بِوَادٍ غَيْرِ

37 Dhuh, Pangéran kawula! saèstu, kawula angenggènaken sapérangan ing turun kawula[1319] ing jujurang ingkang boten wonten

1316. Salah satunggaling tedhak turunipun Kanjeng Nabi Ibrahim anyirnakaken agami panembah brahala, punika mracihnani manawi donganipun Kanjeng Nabi Ibrahim punika boten teka atanpa gina. Déné manawi tedhak turun Ibrahim ing sawatawis wekdal wonten ingkang manembah brahala, punika boten anandhakaken bilih donganipun Kanjeng Nabi Ibrahim boten dipun pinangkani.

1317. Sanès brahala-brahala saèstu ingkang nuntun manusa dhateng sasar, nanging rèhning kasasaripun titiyang kathah punika sabab saking brahala-brahala wau, milanipun inggih brahala-brahala wau ingkang katerangaken nasaraken manusa.

1318. Menggah ing sajatos-jatosipun donganipun Kanjeng Nabi Ibrahim punika inggih donganipun Kanjeng Nabi sarta donga wau anggambaraken jembaring jayanipun Kanjeng Nabi. Para ingkang sami andhèrèk panjenenganipum mesthi kémawon manjing dados golonganipun, suprandosipun panjenenganipun inggih boten kok anulak para ingkang sami andaga dhateng panjenenganipun, tandhanipun para titiyang wau ugi dipun suwunaken sih-wilasa tuwin pangayomanipun Allah.

1319. Inggih punika: Kanjeng Nabi Isma'il lan tedhak turunipun. Miturut cariyos naluri Arab lan miturut Bébel, tedhak turunipun Kanjeng Nabi Isma'il sami dudunung wonten ing tanah Arab.

ذِىْ زَرْعٍ عِنْدَ بَيْتِكَ الْمُحَرَّمِ ۙ رَبَّنَا لِيُقِيْمُوا الصَّلٰوةَ فَاجْعَلْ اَفْـِٕدَةً مِّنَ النَّاسِ تَهْوِىْۤ اِلَيْهِمْ وَارْزُقْهُمْ مِّنَ الثَّمَرٰتِ لَعَلَّهُمْ يَشْكُرُوْنَ ﴿٣٧﴾

wedalipun wowohan, ing sacelak-
ipun padaleman Tuwan ingkang
a. 170 Sinuci,[a] Pangéran kawula! amurih
piyambakipun sami anjumenengna
salat,[1320] milanipun mugi manah-
manahipun para titiyang sami
Tuwan dadosaken tumiyung dha-
teng piyambakipun, saha mugi
sami Tuwan rijekèni wowohan;
darapon sami atura panuwun:

رَبَّنَاۤ اِنَّكَ تَعْلَمُ مَا نُخْفِىْ وَمَا نُعْلِنُ ؕ وَمَا يَخْفٰى عَلَى اللّٰهِ مِنْ شَىْءٍ فِى الْاَرْضِ وَلَا فِى السَّمَآءِ ﴿٣٨﴾

38 Dhuh Pangéran kawula! saèstu, Tuwan punika angudanèni punapa ingkang sami kawula singidaken saha punapa ingkang sami kawula wedharaken, sarta ingatasipun Allah boten wonten ingkang kasamaran samukawis ingkang wonten ing bumi sarta ingkang wonten ing langit:

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِىْ وَهَبَ لِىْ عَلَى الْكِبَرِ اِسْمٰعِيْلَ وَاِسْحٰقَ ؕ اِنَّ رَبِّىْ لَسَمِيْعُ الدُّعَآءِ ﴿٣٩﴾

39 Sadaya pangalembana kagunganipun Allah ingkang sampun amaringi Isma'il saha Ishaq dhateng kawula ing (mangsa) sepuh (kawula); saèstu Pangéran kawula punika temen Ingkang-Midhangetaken panyuwun.

رَبِّ اجْعَلْنِىْ مُقِيْمَ الصَّلٰوةِ وَمِنْ ذُرِّيَّتِىْ ۖ رَبَّنَا وَتَقَبَّلْ دُعَآءِ ﴿٤٠﴾

40 Pangéran kawula! mugi kawula Tuwan dadosaken tiyang ingkang ajumenengaken salat, saha turun-turun kawula (makaten ugi); dhuh Pangéran kawula, mugi Tuwan anyembadani panyuwun kawula:

رَبَّنَا اغْفِرْ لِىْ وَلِوَالِدَىَّ وَلِلْمُؤْمِنِيْنَ يَوْمَ يَقُوْمُ الْحِسَابُ ﴿٤١﴾

41 Dhuh Pangéran kawula, mugi
a. 2194 Tuwan aparing pangayoman[a] dha-
teng kawula, saha dhateng tiyang
sepuh kawula tuwin dhateng para
angestu ing dinten adeging péta-
ngan!

1320. Anggèning putra wayahipun kapanggènaken wonten ing sacelakipun Padaleman Suci punika dados tanggelan manawi putra wayah wau mesthi anjumenengaken salat. Nyatanipun inggih makaten;

RUKU’ 7

Temahanipun panglawan

42. Sumené. 43-46. Sawarnining paékan sami cabar. 47-52. Para milawani sami kadhawahaken ing asor sarta teluk.

42 Lan aja sira ngira, manawa Allah iku léna marang apa panggawéné para wong kang atindak dudu: Panjenengané mung aparing sumené marang dhèwèké tumeka ing dina kang ing kono mripat-mripat bakal padha mandeng,[1321]

وَلَا تَحْسَبَنَّ اللّٰهَ غَافِلًا عَمَّا يَعْمَلُ الظّٰلِمُوْنَ ۗ
اِنَّمَا يُؤَخِّرُهُمْ لِيَوْمٍ تَشْخَصُ فِيْهِ الْاَبْصَارُ ۝٤٢

43 Padha mara aririkatan, sirahé padha andhangak, mripaté tanpa tumolih marang dhèwèké sarta padha entèk atiné.[1322]

مُهْطِعِيْنَ مُقْنِعِيْ رُءُوْسِهِمْ لَا يَرْتَدُّ
اِلَيْهِمْ طَرْفُهُمْ ۚ وَاَفْـِٕدَتُهُمْ هَوَآءٌ ۝٤٣

44 Lan para manusa padha pépélingana dina bakal tumekaning siksa marang dhèwèké; tumuli para kang padha atindak dudu bakal munjuk: Dhuh, Pangéran kawula, mugi Tuwan anyumenèkaken kawula dumugi mangsa ingkang parek, (supados) kawula sami anyandikanana panguwuh Tuwan saha manut para utusan. Apa ta kowé ora wus padha supata, ing biyèn, (manawa) kowé ora bakal padha tumiba ing karusakan.

وَاَنْذِرِ النَّاسَ يَوْمَ يَأْتِيْهِمُ الْعَذَابُ
فَيَقُوْلُ الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا رَبَّنَآ اَخِّرْنَآ
اِلٰٓى اَجَلٍ قَرِيْبٍ ۙ نُّجِبْ دَعْوَتَكَ وَنَتَّبِعِ
الرُّسُلَ ۗ اَوَلَمْ تَكُوْنُوْٓا اَقْسَمْتُمْ مِّنْ
قَبْلُ مَا لَكُمْ مِّنْ زَوَالٍ ۝٤٤

tiyang ingkang adamel salat tumindak teterusan ing salami-laminipun wonten ing jagad, punika namung satunggal thil, inggih punika tedhakipun putra Ibrahim ingkang dudunung ing sacelakipun Padaleman Suci wau.

1321. Tetembungan makaten punika kanggé anedahaken kawontenan ingkang anggigirisi sanget, ngantos tiyang boten saged kedhèp.

1322. Raos giris ingkang tuwuh wonten ing dalem manahipun para ingkang sami mengsahi Kanjeng Nabi, punika inggih kanyataan wonten ing gesang sapunika ugi, inggih punika nalika Kanjeng Nabi ngangseg dhateng Makkah. Kothong manahipun utawi telas manahipun punika ugi anedahaken raos giris ingkang kalangkung sanget.

Ut. *(iku) Ingsun dadèkaké tepa tuladha* Ar. *upayané*

45 Lan sira padha manggon ana ing padununganè para kang padha atindak dudu marang awaké dhéwé, apa déné wis terang tumrapé sira, kapriyé pamisésa-Ningsun marang dhèwèké, lan *Ingsun wus andadèkaké sanépa-sanépa tumrap* ing sira.

وَسَكَنْتُمْ فِي مَسٰكِنِ الَّذِيْنَ ظَلَمُوْٓا اَنْفُسَهُمْ وَتَبَيَّنَ لَكُمْ كَيْفَ فَعَلْنَا بِهِمْ وَضَرَبْنَا لَكُمُ الْاَمْثَالَ ﴿٤٥﴾

46 Lan temen dhèwèké padha angrancang rancanganè,[1323] *ananging* rancanganè iku ana ing Allah[1324] sanajan ta *rancanganè* iku gunung bisa sirna.

وَقَدْ مَكَرُوْا مَكْرَهُمْ وَعِنْدَ اللّٰهِ مَكْرُهُمْ ۗ وَاِنْ كَانَ مَكْرُهُمْ لِتَزُوْلَ مِنْهُ الْجِبَالُ ﴿٤٦﴾

47 Mulané aja ngira, (manawa) Allah, (Panjenenganè iku kang) anyulayani janji-Né marang utusan-utusan-É; sayekti Allah iku Mahamulya, Ingkang kagungan wawales.

فَلَا تَحْسَبَنَّ اللّٰهَ مُخْلِفَ وَعْدِهٖ رُسُلَهٗ ۗ اِنَّ اللّٰهَ عَزِيْزٌ ذُو انْتِقَامٍ ﴿٤٧﴾

48 Ing dina kalané bumi disalini bumi séjéné lan langit-langit (mangkono uga),[1325] sarta dhèwèké bakal padha ngaton maring Allah, Ingkang-Mahatunggal, Ingkang-Mahawisésa.

يَوْمَ تُبَدَّلُ الْاَرْضُ غَيْرَ الْاَرْضِ وَالسَّمٰوٰتُ وَبَرَزُوْا لِلّٰهِ الْوَاحِدِ الْقَهَّارِ ﴿٤٨﴾

1323. Tembung punika katerangaken déning para mufassirin mengku teges: *upayané kang pengpengan kang dilabuhi ing sakatog-katogé* (Bd, Kf, JB). Ingkang dipun karsakaken punika upayanipun para titiyang Quraisy ingkang ing wekdal punika saweg nedheng-nedhengipun dipun dhapuk kanggé maéka ing Kanjeng Nabi.

1324. Tembung: *upayané iku ana ing Allah*, punika mengku teges bilih upayanipun para titiyang wau dipun kuwaosi déning Allah, inggih punika Allah andadosaken upaya wau wuk boten wonten dayanipun. Pranyata punika piweca ingkang angéram-éramaken sanget, saya manawi dipun èngeti bilih piweca-piweca wau dipun wecakaken déning satunggaling tiyang, ingkang sagedipun milujengaken sariranipun namung manawi panjenenganipun saged ngoncati mengsah-mengsahipun, ingkang ing kala punika inggih sampun amékani sampun ngantos panjenenganipun saged oncat, awit sampun kaputus ing bicara panjenenganipun dipun sédani. Mirsanana 8: 30 tuwin 998, ing ngriku upaya-upaya wau kasebutaken paprincènipun.

1325. Sampun cetha awéla-wéla pambangunan ingkang katindakaken déning Kanjeng Nabi, punika pranyata sampun anyantuni bumi kaliyan bumi sanèsipun ingkang béda babar pisan, makaten ugi langit kasantunan langit énggal. Tanah Arab nalika jaman sédanipun Kanjeng Nabi punika sanès tanah Arab nalika jaman wiyosipun Kanjeng Nabi. Pangandel, adat tata-cara, lan kalimrahan ingkang pinten-pinten abad laminipun ambadal sawarnining adat pambangunan, sirna larut ngantos tapis. Pancer-pancer ingkang bodho-bodho, remen gugon-tuhon lan remen peperangan kaliyan bangsanipun piyambak, malik grembyang dados bangsa ingkang geleng satunggal, ingkang nyepeng oboring kawruh lan

49 Lan ing dina iku sira bakal andeleng para wong duraka padha katalènan dadi siji ing rèntèngan.[1326]

وَتَرَى الْمُجْرِمِينَ يَوْمَئِذٍ مُّقَرَّنِينَ فِي الْأَصْفَادِ ﴿٤٩﴾

50 Sandhangané sing digawé tir, sarta geni anutupi rai-rainé,

سَرَابِيلُهُم مِّن قَطِرَانٍ وَتَغْشَىٰ وُجُوهَهُمُ النَّارُ ﴿٥٠﴾

51 Amrih Allah amales siji-sijining jiwa (samurwat karo) apa panggawéné; sayekti Allah iku rikat ing pangétung.

لِيَجْزِيَ اللَّهُ كُلَّ نَفْسٍ مَّا كَسَبَتْ ۚ إِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ ﴿٥١﴾

52 Iki panerangan anyukupi tumrap para manusa, lan supaya dhèwèké padha dipépélingi sarana iku, lan supaya padha weruha, yèn Panjenengané iku Sesembahan Mahatunggal sarta supaya para kang padha ana akalé padha élinga.

هَٰذَا بَلَاغٌ لِّلنَّاسِ وَلِيُنذَرُوا بِهِ وَلِيَعْلَمُوا أَنَّمَا هُوَ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ وَلِيَذَّكَّرَ أُولُو الْأَلْبَابِ ﴿٥٢﴾

kamajengan dhateng saindhenging jagad. Panembah-brahala sirna tapis, ngantos tilas-tilasipun kémawon babar pisan boten wonten ingkang taksih kecer wonten ing tengah-tengahing ummat, ingkang suwaunipun klelep wonten ing kabrahalan ngantos pinten-pinten abad dangunipun. Sampun boten wonten semang- semangipun malih bilih ayat punika mangandikakaken kiyamat ageng, nanging ayat punika ugi nyasmitakaken kalayan ngagem basanipun piweca, kiyamat alit ing gesang sapunika punika ugi ingkang dumados margi saking rawuhipun Kanjeng Nabi.

1326. Para mengsahipun Kanjeng Nabi ingkang kiyat sami kasowanaken dhateng ngarsanipun Kanjeng Nabi kalayan dipun tangsuli lan karèntèng dados satunggal wonten ing gesang sapunika punika ugi, inggih punika nalika prang Badar. Janji punika dipun jangkepi wahananipun ing gesang sapunika punika, kanggé anedahaken bilih ingkang makaten punika sadaya badhé kalampahan wonten ing gesang ing bénjing.

آياتها ٩٩ (١٥) سُورَةُ الْحِجْرِ مَكِّيَّةٌ ركوعاتها ٦

SURAT 15

AL-HIJR

(*Redi Séla*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(6 *ruku'*, 99 *ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Pangayoman dhateng Quran.
Ruku' 2. Allah punika anguwasani samukawis.
Ruku' 3. Panglawanipun Iblis dhateng para titiyang tulus.
Ruku' 4. Wilasa tumrap dhateng para tulus – lalampahan jaman sugengipun Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku' 5. Para murang-yekti badhé lebur: lalampahan jaman sugengipun Kanjeng Nabi Luth lan Kanjeng Nabi Syu'aib.
Ruku' 6. Titiyang ingkang manggèn ing séla: Pèpènget tumrap dhateng para ingkang mengsahi Quran Suci.

Irah-irahanipun

Surat punika wekasanipun surat-surat golongan *alif, lâm, râ,* namanipun *Redi Séla,* mirid saking ayat 80 ingkang anyebutaken *para ingkang sami dudunung wonten ing Redi Séla* ingkang nasibipun kasebutaken supados dados pèpènget dhateng para ingkang sami angenam-enam sumedya badhé nyédani Kanjeng Nabi. Kajawi anjanjèkaken kareksanipun ingkang kalayan sampurna ayahaning yakti ingkang kamot wonten ing Quran Suci lumawan sawarnining pangrencana awon, surat punika ngiyataken pèpènget ingkang kasebut wonten ing surat-surat ingkang sampun lumawan para ingkang sami sumedya badhé nyirnakaken punika.

Gathukipun suraos lan babipun ingkang kawarsitakaken

Surat ingkang sampun dipun wekasi kalayan pèpènget dhateng para mengsah ing bab kadadosanipun manawi piyambakipun boten kapok anggènipun remen munasika yakti. Bab punika ugi kalajengaken wonten ing wiwitanipun surat punika, awit Quran ingkang kakarsakaken kanggé karahayonipun sadaya manusa, punika mesthi kareksa saking sadaya sedya ingkang awon. milanipun wonten ing ruku' ingkang rumiyin piyambak janji ingkang ceplos kawarsitakaken, inggih punika: ing salami-laminipun Quran badhé tansah dipun reksa saking sawarninipun ingkang nama risak sarta kareksa saking sawarnining pambudidaya badhé anyirnakaken Quran. Kathah tandha yekti ingkang nélakaken kayektènipun Quran, nanging para mengsah ingkang dursila punika boten purun ngalap piguna punapa-punapa saking pasaksèn-pasaksèn lan tandha yekti wau. Ruku' candhakipun marsitakaken bilih sadaya barang punika dipun kuwaosi déning Allah, milanipun para ingkang remen damel wisuna boten badhé saged damel pituna punapa-punapa dhateng tiyang ingkang pinilih, sarta tandha-tandhanipun kamenanganipun yakti sampun wiwit gumelar. Ing ruku' ingkang kaping tiga kasebutaken bilih sétan punika tansah mengsahi para kawula ingkang tulus, éwadéné anggènipun mengsahi wau boten mitunani punapa-punapa. Ruku' candhakipun, anjanjèkaken sih-wilasa tumrap para tiyang tulus, sarwi anyebutaken pethilan sa-bab saking lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim, kados pundi anggèning panjenenganipun kaparingan pawartos bibingah bab miyosipun putra kakung ingkang badhé anurunaken satunggaling umat ageng ingkang binarkahan. Utusaning Pangéran wau ugi maringi pawartos dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim bilih umatipun Kanjeng Nabi Luth badhé dipun lebur

RUKU' 1

Pangayoman dhateng Quran Suci

1-8. Para ingkang milawani badhé nampi pidananipun. 9. Quran Suci punika badhé tansah rineksa. 10-15. Boten wonten tandha ingkang makantuki tumrap para ingkang angemohi yakti.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسۡمِ اللّٰهِ الرَّحۡمٰنِ الرَّحِیۡمِ ۝

1 Ingsun Allah, Ingkang-Amirsani.[a] Iki ayat-ayating Kitab[b] sarta (ayat-ayating) Quran[c] kang agawé terang.

a. 1109
b. 13
c. 228

الٓرٰ ۟ تِلۡكَ اٰیٰتُ الۡكِتٰبِ وَ قُرۡاٰنٍ مُّبِیۡنٍ ۝١

JUZ XIV

2 Kerep baé para kang padha kafir angajab lamuna mauné padha dadi Muslimin.[1327]

رُبَمَا یَوَدُّ الَّذِیۡنَ كَفَرُوۡا لَوۡ كَانُوۡا مُسۡلِمِیۡنَ ۝٢

3 Padha togna baé, cikbèn padha mangan lan seneng-seneng sarta (cikbèn) dhèwèké padha ébra pangarep-arep(-é), amarga dhèwèké bakal énggal padha weruh.

ذَرۡهُمۡ یَاۡكُلُوۡا وَ یَتَمَتَّعُوۡا وَ یُلۡهِهِمُ الۡاَمَلُ فَسَوۡفَ یَعۡلَمُوۡنَ ۝٣

margi saking agenging dosanipun. Awit saking punika mila ruku' ingkang kaping gangsal mangandikakaken siksa ingkang andhawahi para titiyang dosa ingkang boten purun ngrèwés dhateng pèpèngetipun Kanjeng Nabi Luth, lajeng winekasan anyebutaken Kanjeng Nabi Syu'aib, ingkang ugi turunipun Kanjeng Nabi Ibrahim. Bangsa Arab dipun paringi pèpènget bab siksa ingkang andhawahi satunggaling umat ingkang celak aben tritis kaliyan bangsa Arab wau, inggih punika kaum Samud ingkang sami dudunung wonten ing redi séla, sarta sami kapangandikan bilih ingkang wigatos piyambak, wasitanipun Quran, inggih punika: anggènipun anggugujeng lan anggènipun mengsahi punika boten kénging boten mesthi badhé wonten wawalesipun siksa.

Titimangsa nalika kadhawuhaken

Sadaya pihak sarujuk amastani bilih surat punika katurunaken wonten ing Makkah, nanging umumipun surat punika kaanggep ingkang sepuh piyambak katimbang kaliyan surat sanès-sanèsipun ing golongan punika. Éwadéné kacetha ing ngriku bilih panglawan dhateng Kanjeng Nabi ing wekdal wau sampun andados, ngantos saupami boten dipun ayomi déning Pangéran, ayahanipun Kanjeng Nabi yekti sirna atanpa tilas. Awit saking punika kula radi rujuk anggolongaken surat punika kagolong jaman Makkah wekasan, inggih punika nunggil jaman kaliyan surat sanès-sanèsipun ing golongan punika, namung kaot surat punika langkung sepuh.

1327. Sabda punika boten namung wigatos mangandikakaken bénjing ing gesang sasampuning pejah kémawon. Mengsah ingkang kiyat ingkang anggadhahi panginten Islam mesthi tumunten saged dipun sirnakaken, ing pawingkingipun, inggih punika ing kalanipun kayektèning Islam sampun cetha pratéla tumrap piyambakipun, mesthi inggih lajeng gadhah raos-rumaos, saiba saénipun manawi piyambakipun sampun wiwit sakawit mila purun ngrasuk Islam sarta boten milawani yakti.

4 Lan ora pisan Ingsun anglebur sawijining kutha kajaba masthi *mangsa* wus diweruhaké marang iki.

Ar. *kitab*

وَمَآ أَهْلَكْنَا مِن قَرْيَةٍ إِلَّا وَلَهَا كِتَابٌ مَّعْلُومٌ ﴿٤﴾

5 Ora ana umat bisa anggégé mangsané kang wus tinamtokaké lan ora bisa nyumenèkaké.

مَّا تَسْبِقُ مِنْ أُمَّةٍ أَجَلَهَا وَمَا يَسْتَأْخِرُونَ ﴿٥﴾

6 Dhèwèké padha calathu: É, wong kang tinurunan Pépéling, sayekti kowé iku édan temen:

وَقَالُوا يَا أَيُّهَا الَّذِي نُزِّلَ عَلَيْهِ الذِّكْرُ إِنَّكَ لَمَجْنُونٌ ﴿٦﴾

7 Yagéné kowé ora anekakaké para malaikat marang aku kéné manawa kowé golongané para wong temen?

لَّوْ مَا تَأْتِينَا بِالْمَلَائِكَةِ إِن كُنتَ مِنَ الصَّادِقِينَ ﴿٧﴾

8 Ingsun anurunaké para malaikat iku ora liya kajaba kalawan yakti, lan tumuli dhèwèké padha ora disumenèkaké.[1328]

مَا نُنَزِّلُ الْمَلَائِكَةَ إِلَّا بِالْحَقِّ وَمَا كَانُوا إِذًا مُّنظَرِينَ ﴿٨﴾

9 Sayekti, Ingsun wus anurunaké Pépéling, lan sayekti iku temen Ingsun kang rumeksa.[1329]

إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا الذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُ لَحَافِظُونَ ﴿٩﴾

1328. Ayat punika sarta ayat ing sadèrèngipun saged anyethakaken punapa tegesipun malaikat tumurun punika. Ing ngriki lan ing panggènan sanès-sanèsipun ungeling panyuwun (panantang) makaten: *Généa ora ditekani malaikat*? Tetembungan *yèn nyata kowé iku èwoné wong kang padha temen*, punika kalayan cetha anedahaken bilih ingkang dipun kajengaken nyuwun tumuruning malaikat punika magepokan kaliyan kanyataanipun saèstu piweca-piweca. Dhawuh wangsulanipun saya anyethakaken malih. Tembung *bi-l-haq* (*kalawan nyata*) punika menggah ing sajatos-jatosipun ateges *miturut wawatonipun yakti, kaadilan lan kawicaksanan* (LL). Dados suraosipun malaikat badhé kautus samangsa ingandikakaken andhawahaken pancasan nglebur para kafir. Wekasaning dhawuh ingkang mungel *lan dhèwèké ora bakal padha disumenèkaké,* punika saged nyirnakaken sawarnining semang-semang ing babagan bab punika, sarta saged anyethakaken kalayan cetha wéla-wéla bilih para malaikat mesthi badhé kautus ingandikakaken midana para ingkang sami dosa.

1329. Lah punika salah satunggaling piweca ingkang sakalangkung déning angéram-éramaken, ingkang kanyataaning wahananipun tansah dados pasaksèn ing salami-laminipun menggah ing kayektèning Quran Suci. Ing sakawit pratélan punika kadhawuhaken gagandhèngan kaliyan panglawanipun ingkang sakalangkung déning sanget para titiyang kafir; ing salajengipun pratélan punika kadamel anyrambahi suraosipun, inggih punika bilih Quran ing salami-laminipun badhé dipun reksa wilujeng saking sawarnining serangan ingkang sumedya badhé anyirnakaken Quran tuwin wilujeng saking sarupining ingkang nama risak. Kanyataanipun saèstu wahananing piweca punika ingkang kalayan angéram-éramaken, punika gelar yakti ingkang cetha pratéla, ngantos pangarang saking fihak lawan kados déné tuwan Muir kapeksa angakeni makaten: "Ing jagad punika bokmanawi boten wonten sanèsipun malih kitab ingkang ngantos kalihwelas abad dangunipun lastantun suci murni isinipun kajawi namung Quran." Pambudidayanipun Dr. Mingana énggal mangké anggènipun badhé

Ar. *papan-than*

10 Lan sayekti temen Ingsun wus angutus (utus-utusan) ing sadurungira ing *bangsa* kang dhisik-dhisik.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ فِي
شِيَعِ الْأَوَّلِينَ ﴿١٠﴾

11 Lan ora kena ora saben ana sawijining utusan tumeka marang dhèwèké, iku masthi padha diguguyu.

وَمَا يَأْتِيهِم مِّن رَّسُولٍ إِلَّا كَانُوا
بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ﴿١١﴾

12 Kaya mangkono iku Ingsun lebokaké ing ati-atiné para wong duraka;[1330]

كَذَٰلِكَ نَسْلُكُهُ فِي قُلُوبِ الْمُجْرِمِينَ ﴿١٢﴾

13 Marang iku dhèwèké padha ora angèstu, lan temen wus katatalan lakuné para wong kang dhisik-dhisik.

لَا يُؤْمِنُونَ بِهِ وَقَدْ خَلَتْ سُنَّةُ الْأَوَّلِينَ ﴿١٣﴾

14 Lan sanajan ta dhèwèké padha Ingsun wenganana lawang ing langit, tumuli nganti suwé padha munggah ing kono.

وَلَوْ فَتَحْنَا عَلَيْهِم بَابًا مِّنَ السَّمَاءِ فَظَلُّوا
فِيهِ يَعْرُجُونَ ﴿١٤﴾

15 Amasthi bakal padha calathu: Mripatku mung padha kesérup, malah aku kabèh iki sawijining bangsa kang kena ing kemayan.[1331]

لَقَالُوا إِنَّمَا سُكِّرَتْ أَبْصَارُنَا بَلْ
نَحْنُ قَوْمٌ مَّسْحُورُونَ ﴿١٥﴾

---

ambuktèkaken bilih teksipun Quran wonten ingkang éwah, boten angsal damel babar pisan, malah kapara angsal-angsalanipun Dr. Mingana wau saged ngrampungi soal punika, jalaran sami-sami serangan dhateng kasucianing teksipun Quran ing salebetipun tigawelas abad, seranganipun Dr. Mingana wau ingkang sakalangkung déning ampuh piyambak. Ing saindhenging alam Islam boten wonten satunggal kémawon kitab Quran ingkang éwah teksipun saking babon ingkang sampun kanggé ing ngakathah, dados Quran punika boten namung kareksa saking sirna margi saking pandamelipun mengsah ingkang kiyat kémawon, nanging ugi kareksa saking karisakan menggah ing isinipun.

1330. *Kadhâlika* jawinipun *kaya mangkono*, punika wangsul dhateng pangécé-écé ingkang sampun kasebutaken wonten ing ayat ingkang sampun; suraosipun pangandika: *rèhning padha angguguyu wahyu, mulané Ingsun banjur andadèkaké anggoné angguguyu mau lumebu marang ati-atiné, dadiné dhèwèké ora padha angèstu ing iku*. Lah mesthi kémawon boten sami angèstu, awit kados pundi sagedipun sami angèstokaken jer piyambakipun boten naté mikir-mikir ingkang kalayan saèstu, wangsul malah anggugujeng lan nyapèlèkaken? Prayogi dipun pèngeti bilih sanajan pandamel "boten angèstu" dhateng wahyuning Pangéran punika katembungaken "kalebetaken déning Allah" dhateng manah, suprandosipun manah wau inggih namung manahipun para titiyang ingkang nemaha atindak dosa anggugujeng wahyu (agami); makaten wau sami kémawon kaliyan katembungaken bilih anggènipun boten angèstu wau margi saking anggènipun anggugujeng, utawi angsal-angsalaning anggènipun anggugujeng.

1331. Ayat punika lan ayat sadèrèngipun punika mangandikakaken wangkoting manah-manahipun,

RUKU' 2

Allah punika anguwasani samukawis

16-18. Sétan punika boten saged amitunani para pinilih. 19-21. Angger-angger sarta tatananing alam. 22-25. Tandha-tandha kamenangipun yakti.

16 Lan sayekti temen, Ingsun wus andadèkaké pikuwat-pikuwat ana ing langit sarta iku Ingsun katonaké asri tumrap para kang andeleng.

وَلَقَدْ جَعَلْنَا فِي السَّمَاءِ بُرُوجًا وَ
زَيَّنَّاهَا لِلنَّاظِرِينَ ﴿١٦﴾

17 Sarta iku Ingsun reksa saka sarupané sétan kang sinikokaké;

وَحَفِظْنَاهَا مِن كُلِّ شَيْطَانٍ رَّجِيمٍ ﴿١٧﴾

18 Ananging sapa sing nyolong pangrungu, iku urub kang padhang banjur anututi dhèwèké.[1332]

إِلَّا مَنِ اسْتَرَقَ السَّمْعَ فَأَتْبَعَهُ
شِهَابٌ مُّبِينٌ ﴿١٨﴾

19 Lan bumi – iku Ingsun gelar, sarta Ingsun andokoki gunung kukuh ing kono apa déné ana ing kono Ingsun anuwuhaké samubarang kalawan timbangan kang trep.

وَالْأَرْضَ مَدَدْنَاهَا وَأَلْقَيْنَا فِيهَا
رَوَاسِيَ وَأَنبَتْنَا فِيهَا مِن كُلِّ شَيْءٍ مَّوْزُونٍ ﴿١٩﴾

20 Lan ana ing kono Ingsun wus andadèkaké sarana-sarananing panguripan tumrap marang sira lan tumrap sapa-sapa kang dudu sira kang angrejekèni.

وَجَعَلْنَا لَكُمْ فِيهَا مَعَايِشَ وَمَن
لَّسْتُمْ لَهُ بِرَازِقِينَ ﴿٢٠﴾

---

ngantos piyambakipun puguh angemohi yakti, sanajan pasaksèn-pasaksènipun ingkang sakalangkung terang gamblang sampun kagelaraken dhateng piyambakipun.

1332. Ayat titiga punika sadaya mangandikakaken para juru-tenung lan para tukang pethèk, ingkang sami kagolong dhateng mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi. Para titiyang wau sami ngaken-aken saged sasambetan kaliyan nginggil, nanging sajatosipun para titiyang wau sami titiyang ingkang sinebrataken saking pangayunaning Pangéran, awit saking punika mokal séwu mokal para titiyang wau saged sasambetan kaliyan tuking kasucèn wau. Bangsa pethèk kapangandikakaken manawi katungka ing urub ingkang pratéla, punika anedahaken bilih sadaya wau badhé boten angsal damel lan mléséd saking pangajeng-ajeng. Kasunyatan ruhani kapangandikakaken kalayan tembung-tembung ingkang kanggé wonten ing angger-angger lahir ingkang gumelar wonten ing jasad punika, punika wonten ing Quran Suci asring kasebut. Kadosta ing ayat 22 angin kang anyuburaké punika ateges kamajenganipun Islam ingkang boten kawistara (mirsanana 1333). Salajengipun mirsanana 2102, 2103, 2104, 2365, 2530 lan 2582. Ayat-ayatipun Quran ing ngandhap punika nerangaken bab prakawis punika: 37: 8, 52: 38, 67: 6, 72: 8.

21 Lan ora ana sawijining barang baé kang gedhong pasimpenané ora ana ing Ingsun, sarta iku ora Ingsun turunaké kajaba kalawan pamurwat kang wus kawruhan.

وَإِن مِّن شَيْءٍ إِلَّا عِندَنَا خَزَآئِنُهُۥ وَمَا نُنَزِّلُهُۥٓ إِلَّا بِقَدَرٍ مَّعْلُومٍ ﴿٢١﴾

22 Lan Ingsun angutus angin kang anyuburaké[1333] tumuli Ingsun anurunaké banyu saka ing mendhung, banjur iku Ingsun gawé ombènira, sarta iku dudu sira kang anyimpen.

وَأَرْسَلْنَا ٱلرِّيَٰحَ لَوَٰقِحَ فَأَنزَلْنَا مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَسْقَيْنَٰكُمُوهُ وَمَآ أَنتُمْ لَهُۥ بِخَٰزِنِينَ ﴿٢٢﴾

23 Lan sayekti, temen Ingsun kang agawé urip lan agawé pati sarta Ingsun kang dadi Waris.[1334]

وَإِنَّا لَنَحْنُ نُحْيِۦ وَنُمِيتُ وَنَحْنُ ٱلْوَٰرِثُونَ ﴿٢٣﴾

24 Lan temen Ingsun angudanèni sira kang padha ndhisiki sarta temen Ingsun angudanèni kang angèrèni.

وَلَقَدْ عَلِمْنَا ٱلْمُسْتَقْدِمِينَ مِنكُمْ وَلَقَدْ عَلِمْنَا ٱلْمُسْتَـْٔخِرِينَ ﴿٢٤﴾

25 Lan sayekti, Pangéranira, iku bakal angimpun dhèwèké; sayekti Panjenengané iku Wicaksana, Angudanéni.[1335]

وَإِنَّ رَبَّكَ هُوَ يَحْشُرُهُمْ ۚ إِنَّهُۥ حَكِيمٌ عَلِيمٌ ﴿٢٥﴾

RUKU' 3

Panglawanipun Iblis dhateng para titiyang tulus

26-30. Manusa punika anggènipun katitahaken supados amaréntah, sanajan ta asal kadadosanipun asor. 31-38. Pamengsahipun Iblis dhateng manusa. 39-44. Piyambakipun boten saged anguwasani manusa.

1333. *Lawâqih*, jawinipun *angin ingkang saged adamel subur*, punika angin ingkang nginggahaken mendhung ingkang ambekta jawah, utawi angin ingkang saged murugaken tanem tuwuh angedalaken woh. *Angin ingkang adamel subur* ing sadèrèngipun dhumawahing jawah, punika anggambaraken tandha-tandha kamajenganipun Islam, ing sadèrèngipun Islam menang ingkang pungkasan.

1334. *Wârits* punika inggih waris ing basa Jawi, dados tegesipun tiyang ingkang taksih gesang nalika tiyang satunggalipun pejah. Pangandika punika wigatos amecakaken bilih para manembah Allah ingkang sajati badhé maris bumi, déné tiyang sanès-sanèsipun badhé sami sirna.

1335. *Al-mustaqdimin* punika *para tiyang ingkang rumiyin piyambak anggènipun purun nampèni yakti*, déné *Al-musta'khirin* punika *para titiyang ingkang dhawah kantun anggènipun purun nampèni yakti*. Para titiyang wau sadaya badhé dipun impun dados satunggal, terangipun: ing wasananipun para titiyang ingkang ing samangké ngantun badhé dipun tuntun dhateng margi ingkang leres. Dados punika wigatos amecakaken bilih Kanjeng Nabi badhé kadumugen pangajeng-ajengipun tumrap para titiyang wau. Sawenèh nyuraos tembung kakalih wau para titiyang ingkang sampun rumiyin lan para titiyang ingkang badhé nusul tumrap ing wekdal. Maksudipun inggih sami kémawon.

26 Lan sayekti, temen Ingsun wus andadèkaké manusa saka lempung garing, saka endhut ireng kang winangun.

وَلَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ مِنْ صَلْصَالٍ مِنْ حَمَإٍ مَسْنُونٍ (26)

27 Lan jin, iku ing sadurungé, wus Ingsun dadèkaké saka geni kang banget panasé.[1336]

وَالْجَانَّ خَلَقْنَاهُ مِنْ قَبْلُ مِنْ نَارِ السَّمُومِ (27)

a. 47 28 Lan nalikané Pangéranira angandika marang para malaikat:[a] Sayekti, Ingsun andadèkaké manusa saka lempung garing, saka endhut ireng, kang winangun.

وَإِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلَائِكَةِ إِنِّي خَالِقٌ بَشَرًا مِنْ صَلْصَالٍ مِنْ حَمَإٍ مَسْنُونٍ (28)

29 Bareng iku wus Ingsun gawé ganep langkep sarta ing jeroné wus Ingsun tiyup sarana ruh-Ingsun,[1337] padha tumundhuka marang dhèwèké, sumujud.[a] a. 47

فَإِذَا سَوَّيْتُهُ وَنَفَخْتُ فِيهِ مِنْ رُوحِي فَقَعُوا لَهُ سَاجِدِينَ (29)

30 Tumuli padha sujud sakèhing malaikat kabèh.

فَسَجَدَ الْمَلَائِكَةُ كُلُّهُمْ أَجْمَعُونَ (30)

b. 57, 58 31 Ananging Iblis ora;[b] emoh dadi golongané kang padha sujud.

إِلَّا إِبْلِيسَ أَبَىٰ أَنْ يَكُونَ مَعَ السَّاجِدِينَ (31)

1336. Kateranganipun manusa katitahaken saking lebu mirsanana 862. Manusa katitahaken saking lebu punika inggih wigatos nyebutaken asal kamulyanipun manusa ingkang asor lan ina tuwin watak wantunipun manusa ingkang sarwa cekapan punika, kosokwangsul kaliyan bangsaning titah satunggalipun malih ingkang watak wantunipun panas-baranan, ingkang kasebut *jinn* utawi *sétan*. Tembung kakalih, *jinn* lan *sétan*, punika asring dipun anggé mastani manusa ingkang awatek panas-baranan utawi awatek mirong (andaga), manusa ingkang nuntun tiyang sanès dhateng awon. Katrangan bab tumitahipun *manusa* lan *jinn* saking lebu lan saking latu, punika sampun terang manawi katerangan éntar (gagambaran) bab watak wantuning titah ingkang sumarah dhateng angger-anggering Pangéran lan titah ingkang ambaléla dhateng angger-anggering Pangéran. Gagambaran punika kalajengaken malih wonten ing cariyos ingkang nerangaken pamirongipun sétan dhateng Adam, kakalihipun kanggé gagambaranipun wawatekan warni kalih wau. Katrangan warni kalih bab asal kamulanipun manusa, inggih punika anggènipun katitahaken saking lempung garing tuwin saking endhut ingkang winangun, punika wigatos anyebutaken sisifatan warni kalih ingkang murugaken manusa langkung luhur katimbang sato sanès-sanèsipun; *lempung garing* utawi *lempung ingkang saged nyuwanten* punika wigatos anyebutaken anggènipun manusa migunakaken basa, déné *endhut ingkang winangun* punika wigatos anyebutaken sampurnaning tumitahipun. Saupami botena margi saking anggènipun saged migunakaken basa lan sampurnaning tumitahipun, yakti manusa boten saged sumengka ing ngaluhur ngungkuli sato ingkang asor.

1337. Punika anedahaken bilih dadosipun sampurna manusa punika sareng katiyupan ilhamipun Pangéran utawi ruhipun Pangéran. Perlu dipun pèngeti bilih *ruhipun Pangéran* (Ar. *ruh*) ing ngriki boten mengku teges *roh hayawaniyah* (*nyawa*) nanging ateges sabdanipun Allah, inggih ingkang murugaken manusa dados sampurna.

Ar. *mu* 32 Panjenengané angandika: É, Iblis! apa karana*né*, déné kowé padha ora dadi golongané kang padha sujud?

قَالَ يَٰٓإِبۡلِيسُ مَا لَكَ أَلَّا تَكُونَ مَعَ ٱلسَّٰجِدِينَ ﴿٣٢﴾

33 Unjuké: Boten badhé kula punika sumujuda dhateng manusa, ingkang Tuwan dadosaken saking lempung garing, saking endhut cemeng ingkang winangun.

قَالَ لَمۡ أَكُن لِّأَسۡجُدَ لِبَشَرٍ خَلَقۡتَهُۥ مِن صَلۡصَٰلٍ مِّنۡ حَمَإٍ مَّسۡنُونٍ ﴿٣٣﴾

34 Pangandikané: lah metua saka ing kono, awit sayekti, sira iku katundhung:

قَالَ فَٱخۡرُجۡ مِنۡهَا فَإِنَّكَ رَجِيمٌ ﴿٣٤﴾

35 Lan sayekti, wewelak tumiba marang sira tumeka ing dina pancasan.

وَإِنَّ عَلَيۡكَ ٱللَّعۡنَةَ إِلَىٰ يَوۡمِ ٱلدِّينِ ﴿٣٥﴾

36 Unjuké: Pangéran kawula! mila mugi aparing sumené ing kawula dumugi ing dintenipun piyambakipun sami tinangèk-aken.[1338]

قَالَ رَبِّ فَأَنظِرۡنِيٓ إِلَىٰ يَوۡمِ يُبۡعَثُونَ ﴿٣٦﴾

37 Pangandikanipun: Lah sayekti, sira iku kagolong para kang pinaringan sumené.

قَالَ فَإِنَّكَ مِنَ ٱلۡمُنظَرِينَ ﴿٣٧﴾

a. 8 38 Tumeka dina[a] wayah kang wus kawruhan.

إِلَىٰ يَوۡمِ ٱلۡوَقۡتِ ٱلۡمَعۡلُومِ ﴿٣٨﴾

39 Unjuké: Pangéran kawula! sarèhning Tuwan sampun mancasi kawula dhumawah ing sasar,[1339] saèstu, awon badhé kawula damel anengsemaken tumrap piyambak-

قَالَ رَبِّ بِمَآ أَغۡوَيۡتَنِي لَأُزَيِّنَنَّ لَهُمۡ

1338. Samangsa manusa sampun anggayuh gesang ruhani, bobolèhanipun sétan lan panggodhanipun sétan mesthi boten andayani punapa-punapa dhateng piyambakipun. Nanging sadèrènging piyambakipun manggih gesang ruhani wau, bobolèhan awon kala-kala sok nylèwèngaken piyambakipun. Lah inggih punika *dina wayah kang wus kawruhan* ing ayat 38 punika.

1339. Suraosipun sampun katerangaken kalayan panjang wonten ing 865. Prayogi dipun wewahi katrangan ing ngriki, bilih ayat punika kénging kapirid kanggé tuladha punapa tegesipun tembung *idl-lâl* lan tembung *igwâ'*, tuwin tembung sanès-sanenipun samangsa katumrapaken dhateng Allah (samangsa ingkang dados jejer Allah). Sétan boten purun sujud dhateng Adam, punika tuwuh saking kajengipun piyambak, suprandosipun katembungaken فبما اغويتني milanipun lajeng cetha tembung

ipun wonten ing bumi, sarta saèstu kawula badhé anasaraken piyambakipun sadaya.	فِي الْأَرْضِ وَلَأُغْوِيَنَّهُمْ أَجْمَعِينَ ۝٣٩
40 Kajawi para kawula Tuwan saking golonganipun, ingkang sami sinuci.	إِلَّا عِبَادَكَ مِنْهُمُ الْمُخْلَصِينَ ۝٤٠
41 Pangandikané: Iki dalan jejeg ingatasé Ingsun.	قَالَ هَٰذَا صِرَاطٌ عَلَيَّ مُسْتَقِيمٌ ۝٤١
42 Sayekti, para kawula-Ningsun, iku sira ora duwé kawasa tumrap marang dhèwèké, kajaba (tumrap marang) para sasar kang padha manut ing sira.[1340]	إِنَّ عِبَادِي لَيْسَ لَكَ عَلَيْهِمْ سُلْطَانٌ إِلَّا مَنِ اتَّبَعَكَ مِنَ الْغَاوِينَ ۝٤٢
43 Lan sayekti, naraka iku enggon kang dijanjèkaké ing dhèwèké kabèh:	وَإِنَّ جَهَنَّمَ لَمَوْعِدُهُمْ أَجْمَعِينَ ۝٤٣
44 Iku ana koriné pitu; siji-sijining kori kabubuhan dhèwèké sabagéan kang pinantha.[1341]	لَهَا سَبْعَةُ أَبْوَابٍ لِكُلِّ بَابٍ مِنْهُمْ جُزْءٌ مَقْسُومٌ ۝٤٤

RUKU' 4

Wilasa tumrap dhateng para tulus – lalampahan jaman sugengipun Kanjeng Nabi Ibrahim

45-50. Para Susatya badhé manggih rahayu lan tentrem. 51-56. Kasaénan dhateng Nabi Ibrahim. 57-60. Umatipun Nabi Luth.

45 Sayekti para wong bekti iku bakal padha ana ing sajroning patamanan sarta (kinubeng ing) susumberan:	إِنَّ الْمُتَّقِينَ فِي جَنَّاتٍ وَعُيُونٍ ۝٤٥

wau ateges: *margi paduka sampun amancasi kawula dhumawah ing sasar*, dados boten ateges nasaraken kawula.

1340. Manawi manut panyuraos ingkang jembar sadaya manusa punika kawulanipun Allah. Miturut 14: 22 sétan punika boten saged nguwaosi manusa; ing ngriku kasebutaken sétan wicanten dhateng pandhèrèkipun makaten: "Lan ingatasé marang kowé aku ora duwé purba wisésa, ananging marang kowé aku mung ajak-ajak kowé banjur padha miturut marang aku."

1341. Ing Quran Suci naraka punika kasebutaken mawi nama warni pitu: (1) *jahannam*, *naraka*; (2) *ladzâ*, *latu murub* (70: 15); (3) *huthamah*, *babaya ingkang ngremuk* (104: 4); (4) *sa'ir*, *latu ingkang makantar-kantar*; (5) *saqar*, *latu ingkang adamel geseng*; (6) *jahim, latu ingkang benter sanget*; (7) *hawiyah*, *luweng* (101: 9). Kori pitu punika margi pitu ingkang anjog ngriku, ingkang inggih awit saking punika mila lajeng wonten nama pipitu wau. Nanging mirsanana ugi 46, ing ngriku katerangaken bilih cacah pitu punika wonten ing basa Arab asring ateges wilangan kathah sanget, dados suraosipun: kathah sanget kori utawi margi ingkang anjog dhateng naraka.

46 Padha lumebua mrono kalawan rahayu, tentrem.

ادْخُلُوهَا بِسَلٰمٍ اٰمِنِينَ ﴿٤٦﴾

47 Lan Ingsun bakal ambirat apa kang ana ing dhadhané kang arupa pangunek-unek — (bakal padha) kaya sadulur, ana ing dhampar padha arep-arepan.

وَنَزَعْنَا مَا فِي صُدُورِهِمْ مِّنْ غِلٍّ اِخْوَانًا عَلٰى سُرُرٍ مُّتَقٰبِلِينَ ﴿٤٧﴾

48 Ana ing kono sayah ora bakal angenani dhèwèké sarta ora bakal padha diwetokaké saka ing kono.[1342]

لَا يَمَسُّهُمْ فِيهَا نَصَبٌ وَّمَا هُمْ مِّنْهَا بِمُخْرَجِينَ ﴿٤٨﴾

49 Wartanana para kawula-Ningsun manawa Ingsun iku Ingkang-Aparamarta, Ingkang-Mahaasih.

نَبِّئْ عِبَادِيٓ اَنِّيٓ اَنَا الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ﴿٤٩﴾

50 Lan manawa siksa-Ningsun iku siksa kang anglarani,

وَاَنَّ عَذَابِي هُوَ الْعَذَابُ الْاَلِيمُ ﴿٥٠﴾

51 Lan padha wartanana prakara dhayoh-dhayohé Ibrahim:

وَنَبِّئْهُمْ عَنْ ضَيْفِ اِبْرٰهِيمَ ﴿٥١﴾

52 Nalika padha malebu marang *panggonané* [Ar. *dhèwèké*] banjur padha acalathu: Rahayu. Wangsulané: Saèstu, kula ajrih dhateng panjenengan.

اِذْ دَخَلُوا عَلَيْهِ فَقَالُوا سَلٰمًا ۗ قَالَ اِنَّا مِنْكُمْ وَجِلُونَ ﴿٥٢﴾

53 Padha calathu: Sampun sampéyan ajrih, saèstu, kula suka wartos bibingah dhateng sampéyan, *sampéyan badhé sinungan* [Ar. *kalayan*] putra jaler, sugih kawruh.

قَالُوا لَا تَوْجَلْ اِنَّا نُبَشِّرُكَ بِغُلٰمٍ عَلِيمٍ ﴿٥٣﴾

1342. Punika gagambaranipun suwarga cara Islam ingkang éndah sanget, nanging ingkang boten naté dipun wigatosaken déning para juru naliti-priksa golongan Nasrani. Ing suwarga wontenipun namung manah tentrem, aman saking tumiyung dhateng awon utawi babaya sanès-sanèsipun (ayat 46); ing ngriku namung wonten pasadhèrèkan ingkang rumaket, boten wonten tiyang ingkang ngandhut panguneg-uneg awon wonten ing manahipun tumrap dhateng sadhèrèkipun lan sakit manahipun margi pandameling sadhèrèkipun (ayat 47); malihipun, ing suwarga boten wonten rekaos lan boten wonten sayah, sarta boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang koncatan nugraha ingkang sampurna wau (ayat 48). Ayat ingkang kantun piyambak punika anulak piwulangipun agami Hindu ingkang mulangaken wontenipun karahayon ingkang namung ing sawatawis wekdal, sarta anetepaken kalih prakawis ing ngandhap punika: (1) para ingkang sampun lumebet ing suwarga boten badhé kawangsulaken dhateng donya punika; (2) taman (suwarga) ingkang dados padununganipun Adam ing sakawit, punika sanès suwarganipun gesang samawi, awit saupami makaten yakti piyambakipun boten badhé kawedalaken saking ngriku.

54 Calathuné: Kados pundi panjenengan aparing wartos bibingah (anak jaler) ing kalanipun kula sampun dumugi umur sepuh? – Lah, punapa ta baya wartos bibingah ingkang panjenengan paringaken kula?

قَالَ أَبَشَّرْتُمُونِي عَلَىٰ أَن مَّسَّنِيَ الْكِبَرُ
فَبِمَ تُبَشِّرُونَ ﴿٥٤﴾

55 Padha calathu: Kula suka wartos bibingah dhateng sampéyan punika kalayan yektos,[1343] milanipun sampun sampéyan dados èwoning tiyang ingkang putung ing pangajeng-ajeng.

قَالُوا بَشَّرْنَاكَ بِالْحَقِّ فَلَا تَكُن
مِّنَ الْقَانِطِينَ ﴿٥٥﴾

56 Calathuné: Lan sinten ingkang putung pangajeng-ajengipun dhateng wilasaning Pangéranipun kajawi para tiyang sasar.

قَالَ وَمَن يَقْنَطُ مِن رَّحْمَةِ رَبِّهِ
إِلَّا الضَّالُّونَ ﴿٥٦﴾

57 Calathuné: lajeng punapa perlu panjenengan, dhuh para utusan?

قَالَ فَمَا خَطْبُكُمْ أَيُّهَا الْمُرْسَلُونَ ﴿٥٧﴾

58 Padha calathu: Saèstu, kula sami dipun utus dhateng ing umat ingkang sami duraka,

قَالُوا إِنَّا أُرْسِلْنَا إِلَىٰ قَوْمٍ مُّجْرِمِينَ ﴿٥٨﴾

a. 917A
b. 917

59 Kajawi para pandhèrèkipun[a] Luth:[b] Saèstu, punika sami badhé kula wilujengaken sadaya,

إِلَّا آلَ لُوطٍ إِنَّا لَمُنَجُّوهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٥٩﴾

60 Kajawi rabinipun; sampun kula tamtokaken, saèstu piyambakipun kalebet golonganipun para ingkang sami kantun.

إِلَّا امْرَأَتَهُ قَدَّرْنَا إِنَّهَا لَمِنَ الْغَابِرِينَ ﴿٦٠﴾

1343. بشرناك بالحق ing ayat punika sami trep kaliyan يبشرك بكلمة منه (3: 41). Ing ukara ingkang sapisan sanès pawartos bibingah *haqq* (*yakti*), sarta sanès pawartos bibingah *kalimah* (*sabda*) tumrap ing ukara ingkang angka kalih. Déné ingkang dipun karsakaken wonten ing ukara warni kalih wau: pawartos bibingah badhé kaparingan putra; namung kémawon tembung anak wonten ing ukara warni kalih wau boten kasebutaken. Wondéné pawartos bibingah badhé kaparingan anak wau kaparingaken lantaran wahyunipun Pangéran, ingkang tumrap wonten ing ukara ingkang sapisan kasebut *yakti*, ingkang tumrap wonten ing ukara ingkang angka kalih kasebut *sabda saka Allah*. Tumrap ing warni kalih wau, tegesipun ingkang leres *bâ* punika *lantaran*.

RUKU' 5

Para murang yekti badhé lebur: Lalampahan jaman sugengipun Nabi Luth lan Syu'aib

61-72. Nabi Luth suka pèpènget, dipun alang-alangi. 73-77. Pidana andhawahi para murang yekti. 78, 79. Umatipun Nabi Syu'aib inggih tampi pidana.

فَلَمَّا جَآءَ اٰلَ لُوۡطِ ۨالۡمُرۡسَلُوۡنَ ۙ ﴿٦١﴾

61 Bareng para utusan tumeka marang pandhèrèké Luth,[c]

c. 917A

قَالَ اِنَّكُمۡ قَوۡمٌ مُّنۡكَرُوۡنَ ﴿٦٢﴾

62 Dhèwèké calathu: Saèstu, panjenengan punika titiyang ingkang boten kasumerepan.

قَالُوۡا بَلۡ جِئۡنٰكَ بِمَا كَانُوۡا فِيۡهِ يَمۡتَرُوۡنَ ﴿٦٣﴾

63 Padha calathu: O, dhateng kula ing *ngriki* kalayan barang ingkang ing ngriku piyambakipun sami amabeni.

Ar. *sampéyan*

وَاَتَيۡنٰكَ بِالۡحَـقِّ وَاِنَّا لَصٰدِقُوۡنَ ﴿٦٤﴾

64 Sarta anggèn kula andhatengi sampéyan punika kalayan yakti tuwin kula punika saèstu sami temen:

فَاَسۡرِ بِاَهۡلِكَ بِقِطۡعٍ مِّنَ الَّيۡلِ وَاتَّبِعۡ اَدۡبَارَهُمۡ وَلَا يَلۡتَفِتۡ مِنۡكُمۡ اَحَدٌ وَّامۡضُوۡا حَيۡثُ تُؤۡمَرُوۡنَ ﴿٦٥﴾

65 Milanipun sampéyan késah kaliyan pandhèrèk[d] sampéyan ing péranganing dalu sarta sampéyan kinthil wingkingipun, punapa déné sampéyan sadaya sampun ngantos wonten satunggal kémawon ingkang tumolih, sarta sampéyan terus dhateng pundi ingkang kaparéntahaken dhateng sampéyan.

d. 917A

وَقَضَيۡنَاۤ اِلَيۡهِ ذٰلِكَ الۡاَمۡرَ اَنَّ دَابِرَ هٰٓؤُلَاۤءِ مَقۡطُوۡعٌ مُّصۡبِحِيۡنَ ﴿٦٦﴾

66 Lan Ingsun wedharaké marang dhèwèké pancasan iki, *yaiku* oyodé iki bakal dikethok ing wayah bangun.

Ar. *yèn*

وَجَآءَ اَهۡلُ الۡمَدِيۡنَةِ يَسۡتَبۡشِرُوۡنَ ﴿٦٧﴾

67 Lan wong-wong kutha padha teka, abungah-bungah.

قَالَ اِنَّ هٰٓؤُلَاۤءِ ضَيۡفِىۡ فَلَا تَفۡضَحُوۡنِ ۙ ﴿٦٨﴾

68 Dhèwèké calathu: Sayekti iki dhayoh-dhayohku, mulané aja kowé padha agawé nisthaku,

وَاتَّقُوا اللّٰهَ وَلَا تُخْزُوْنِ ﴿٦٩﴾

69 Sarta padha diprayitna marang (siksaning) Allah tuwin aja padha amirangaké aku.

قَالُوْٓا اَوَلَمْ نَنْهَكَ عَنِ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٧٠﴾

70 Padha calathu: Apa aku ora wis padha anglarangi kowé tumrap wong-wong (liya)?[1344]

قَالَ هٰٓؤُلَآءِ بَنٰتِيْٓ اِنْ كُنْتُمْ فٰعِلِيْنَ ﴿٧١﴾

71 Dhèwèké calathu: Iki lho anak-anakku wadon, manawa kowé padha arep agawé (apa-apa).[1345]

لَعَمْرُكَ اِنَّهُمْ لَفِيْ سَكْرَتِهِمْ يَعْمَهُوْنَ ﴿٧٢﴾

72 Dhemi umurira! sayekti dhèwèké iku padha bingung makmakan ing dalem mendemé.

فَاَخَذَتْهُمُ الصَّيْحَةُ مُشْرِقِيْنَ ﴿٧٣﴾

a. 918 73 Tumuli swara gumludhug[a] angregem dhèwèké ing wayah mlethèking sréngéngé;

فَجَعَلْنَا عَالِيَهَا سَافِلَهَا وَاَمْطَرْنَا عَلَيْهِمْ حِجَارَةً مِّنْ سِجِّيْلٍ ﴿٧٤﴾

74 Tumuli Ingsun walik, lumahé dadi dhasaré sarta Ingsun udani watu kaya kang wus dadi pan-
b. 197, 1196 casan.[b]

اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّلْمُتَوَسِّمِيْنَ ﴿٧٥﴾

75 Sayekti, ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha aniti-niti.[1346]

وَاِنَّهَا لَبِسَبِيْلٍ مُّقِيْمٍ ﴿٧٦﴾

76 Lan iku sayekti ana ing dadalan kang isih ana.

اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّلْمُؤْمِنِيْنَ ﴿٧٧﴾

77 Sayekti, ing kono iku temen ana tandha tumrap para angèstu.

1344. Kados déné ingkang sampun kasebutaken wonten ing 1194, Kanjeng Nabi Luth punika tumrap wonten ing tengah-tengahipun titiyang Sadum tiyang ngamonca. Nitik ayat punika panjenenganipun dipun awisi déning kaumipun tampi tamu ngamonca saha suka pangayoman tamu ngamonca, awit para mufassirin negesi اولم ننهك عن العالمين inggih kados makaten wau (Kf, JB). Lah inggih awit saking punika mila nalika panjenenganipun katamuwan, sanalika panjenenganipun anguwuh: panjenengan punika titiyang ingkang boten kasumurupan, inggih punika tiyang ngamonca.

1345. Kanjeng Nabi Luth nawèkaken putra-putranipun èstri dados cepengan, dados tanggelan bilih titiyang ngamonca wau boten badhé damel wisuna punapa-punapa. Salajengipun mirsanana 1194.

1346. Mutawassim punika tiyang ingkang niti-priksa barang-barang karana badhé nyumerapi sisifatanipun ingkang sajatos satunggaling barang, saking tandha-tandhanipun ing jawi. Déné mutawassimin ing ngriki tegesipun: para titiyang ingkang purun ngalap piwulang utawi ngalap pèpènget saking nasib ingkang kasandhang ing ngasanès.

78 Lan wong kang padha dudunung ing gagrumbulan, temen iya padha atindak dudu;[1347]

وَإِنْ كَانَ أَصْحٰبُ الْأَيْكَةِ لَظٰلِمِينَ ۝٧٨

79 Mulané Ingsun anibakaké wawales ing dhèwèké, sarta sayekti, sakaroné temen ana ing dalan umum kang (tansah) diturut.[1348]

فَانْتَقَمْنَا مِنْهُمْ ۘ وَإِنَّهُمَا لَبِإِمَامٍ مُّبِينٍ ۝٧٩

RUKU' 6

Titiyang ingkang manggèn ing redi séla: Pèpènget tumrap dhateng para ingkang mengsahi Quran Suci

80-84.Para ingkang manggèn ing redi séla. 85, 86. Pidananipun para ingkang sami mengsahi Kanjeng Nabi. 87. Kawigatosanipun Quran. 88-93. Kanjeng Nabi sampun ngantos sekel. 94-99. Ayahan katindakaken kalayan ngeblak.

Ut. *wong kang manggon ing gunung watu*

80 Lan sayekti, para *wong ing Al-Hijr* temen padha anggorohaké para utusan;[1349]

وَلَقَدْ كَذَّبَ أَصْحٰبُ الْحِجْرِ الْمُرْسَلِينَ ۝٨٠

81 Lan Ingsun wus anekakaké timbalan-timbalan-Ingsun, ananging iku dhèwèké padha mléngosi;

وَآتَيْنٰهُمْ آيٰتِنَا فَكَانُوا عَنْهَا مُعْرِضِينَ ۝٨١

82 Lan dhèwèké padha natahi gunung minangka omah, kalawan padha aman.

وَكَانُوا يَنْحِتُونَ مِنَ الْجِبَالِ بُيُوتًا آمِنِينَ ۝٨٢

a. 915

83 Tumuli swara gumludhug[a] angregem dhèwèké ing wayah bangun-ésuk;

فَأَخَذَتْهُمُ الصَّيْحَةُ مُصْبِحِينَ ۝٨٣

84 Lah apa kang pinakolih ora makolihi marang dhèwèké

فَمَا أَغْنٰى عَنْهُمْ مَّا كَانُوا يَكْسِبُونَ ۝٨٤

1347. *Wong kang padha dudunung ing panggonan tanem-tuwuh* utawi *ing gugrumbul*, punika kaumipun Kanjeng Nabi Syu'aib (Kf, JB, Rz). Nanging punapa kaum wau inggih kaum ing Madyan, para mufassirin béda-béda pahamipun. Nitik andharanipun ingkang mèh sami plek kaliyan kaum ing Madyan, kathah èmperipun manawi kaum "ingkang dudunung ing gugrumbul" wau inggih kaum ing Madyan.

1348. *Imâm* tegesipun *margi*, *awit margi makaten dipun enut lan dipun turut*; asalipun saking tembung *amma*, jawinipun *ngener marang* .... utawi *tumuju* (LL, Kf). Loro-loroné punika ingkang dipun karsakaken kitha-kitha padunungangipun kaumipun Kanjeng Nabi Luth saha kitha-kitha padunungangipun kaumipun Kanjeng Nabi Syu'aib. Margi ingkang kasebutaken punika margi untan-untan saking *Hijaz* dhateng Syria.

1349. lngkang sami dudunung ing Redi Séla punika kaum Tsamud; mirsanana 911.

85 Lan anggon-Ingsun anitahaké langit-langit lan bumi sarta apa kang ana ing antarané iku ora liya kajaba kalayan yakti. Lan sayekti, wayahé temen tumeka; mulané sira sumingkira kalawan paramarta utama.[1350]

وَمَا خَلَقْنَا السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضَ وَمَا
بَيْنَهُمَآ إِلَّا بِالْحَقِّ ۗ وَإِنَّ السَّاعَةَ لَاٰتِيَةٌ
فَاصْفَحِ الصَّفْحَ الْجَمِيْلَ ﴿٨٥﴾

86 Sayekti Pangéranira iku Ingkang-Anitahaké sagung dumadi, Ingkang-Angudanèni.

إِنَّ رَبَّكَ هُوَ الْخَلّٰقُ الْعَلِيْمُ ﴿٨٦﴾

87 Sayekti, temen Ingsun wus amaringaké marang sira pitung (ayat) kang tansah dibolan-balèni[1351] sarta Quran kang agung.

وَلَقَدْ اٰتَيْنٰكَ سَبْعًا مِّنَ الْمَثَانِيْ
وَالْقُرْاٰنَ الْعَظِيْمَ ﴿٨٧﴾

88 Sira aja banget mandengaké mripatira marang apa kang wus Ingsun paringaké marang golongan sawenéhé minangka bubungah, sarta aja sira susah tumrap prakara dhèwèké apa déné dilembah manah marang para angèstu.[1352]

لَا تَمُدَّنَّ عَيْنَيْكَ إِلٰى مَا مَتَّعْنَا بِهٖٓ
أَزْوَاجًا مِّنْهُمْ وَلَا تَحْزَنْ عَلَيْهِمْ
وَاخْفِضْ جَنَاحَكَ لِلْمُؤْمِنِيْنَ ﴿٨٨﴾

1350. صفح عنه jawinipun *mlèngos saka dhèwèké lan ngetogaké baé dhèwèké* (TA-LL), utawi *mlèngos saka dosané utawi kaluputané, ngapura ing dhèwèké* (TA-LL). Ayat punika suka gagambaran ingkang cocog bab panggalihanipun Kanjeng Nabi. Boten namung nalika wonten ing Makkah kémawon panjenenganipun nindakaken dhawuh punika, nanging dalasan nalika panjenenganipun angsal kamenangan inggih tetep ambeg ngapura. Kanggé ambuktèkaken punika kados cekap conto satunggal kémawon nalika bedhahipun Makkah. Kitha Makkah ingkang kalayan sawenang-wenang nundhung panjenenganipun tuwin para pandhèrèkipun, kitha Makkah ingkang titiyangipun sami amutahaken rahipun para Muslimin ingkang boten dosa, ing nalika kitha wau sampun kabedhah saha nungkul dhateng panjenenganipun, panjenenganipun ngapunten sadaya tiyang ing ngriku, mangka upamia panjenenganipun karsa mejahi titiyang ing ngriku ngantos kathah saged kémawon, tur boten nama nyebal saking anggering kaadilan.

Sampun boten wonten semang-semangipun malih dhawuh punika wigatos andhawuhaken Hijrahipun Kanjeng Nabi. Titimangsa dhumawahing pidana, ambrukipun para mengsah sampun andungkap badhé dhateng; sapunika panjenenganipun kedah nilar para titiyang wau awit anggèning pidana kasumenèkaken punika namung ing sadangunipun panjenenganipun kempal wonten ing tengah-tengahipun para titiyang wau.

1351. Ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika surat bubukaning Quran Suci ingkang isi pitung ayat ingkang tansah kawaos marambah-rambah (Bkh), ingkang lajeng anedahaken bilih surat Fatihah punika anggènipun kadhawuhaken let dangu ing sadèrènging tumurunipun surat punika, malah sadèrèngipun surat punika kadhawuhaken surat Fatihah sampun kawaos marambah-rambah kanggé sembahyang. Surat Fatihah punika kasebut Quran ingkang agung, awit surat Fatihah punika isi pathinipun Quran sadaya.

1352. Ayat punika saged anggambaraken dhateng kula sami panggalihipun Kanjeng Nabi ingkang suci murni ingkang sampun boten tedhas ing panggodhaning kasugihan miwah papaès kaéndahanipun

89 Lan calathua: Sayekti, aku iki juru-pépéling kang terang.

وَقُلْ إِنِّيٓ أَنَا ٱلنَّذِيرُ ٱلْمُبِينُ ﴿٨٩﴾

90 Kaya déné anggon-Ingsun anurunaké marang para kang *angalang-alangi*,

كَمَآ أَنزَلْنَا عَلَى ٱلْمُقْتَسِمِينَ ﴿٩٠﴾

Ut. *amè-rang-mèrang*

91 Yaiku para kang padha *angarani Quran iku panggorohan,*

ٱلَّذِينَ جَعَلُوا۟ ٱلْقُرْءَانَ عِضِينَ ﴿٩١﴾

Ut. *amecah-mecah Quran*

92 Lah, dhemi Pangéranira, temen Ingsun bakal andangu dhèwèké kabèh.

فَوَرَبِّكَ لَنَسْـَٔلَنَّهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٩٢﴾

93 Ing sabarang kang wus padha dilakoni.

عَمَّا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٩٣﴾

94 Mulané terangna kalawan ngeblak apa kang diparéntahaké marang sira sarta sumingkira saka kang manembah pangéran akèh.

فَٱصْدَعْ بِمَا تُؤْمَرُ وَأَعْرِضْ عَنِ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿٩٤﴾

95 Sayekti, Ingsun bakal anyukup ing sira saka panglawané para kang padha angguguyu,

إِنَّا كَفَيْنَٰكَ ٱلْمُسْتَهْزِءِينَ ﴿٩٥﴾

96 Yaiku para kang padha agawé sisihaning Allah sesembahan liya; lah dhèwèké bakal tumuli weruh.

ٱلَّذِينَ يَجْعَلُونَ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ ۚ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ﴿٩٦﴾

97 Lan sayekti Ingsun temen angudanèni, yèn sira dadi bebeg dhadhanira amarga saka pangucapé.

وَلَقَدْ نَعْلَمُ أَنَّكَ يَضِيقُ صَدْرُكَ بِمَا يَقُولُونَ ﴿٩٧﴾

98 Mulané, mahasucèkna kalawan pangalembananing Pangéranira, sarta dadia golongané para kang padha sumungkem;

فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَكُن مِّنَ ٱلسَّٰجِدِينَ ﴿٩٨﴾

---

gesang punika. Pasajaning sugengipun Kanjeng Nabi ingkang tanpa timbang, wiwit ing kalanipun panjenenganipun krama angsal satunggaling èstri randha ingkang sugih ngantos nalika panjenenganipun nguwaosi saindhenging tanah Arab, saged dipun kantak-kantakaken saking lalampahaning sugengipun ingkang wekasan piyambak, inggih punika ing nalika panjenenganipun andhawuhaken supados kakantunanipun arta ingkang boten sapintena ingkang taksih wonten ing dalemipun kaparingaken dhateng tiyang miskin. Langkung-langkung malih ayat punika anggambaraken saéning pangrengkuhipun Kanjeng Nabi dhateng para pandhèrèkipun. *Mandengaké mripat* punika mengku teges *ningali kalayan manah kepéngin*.

99 Apa déné ngawulanana Pangéranira nganti barang yakin iku anekani sira.[1353]	وَٱعۡبُدۡ رَبَّكَ حَتَّىٰ يَأۡتِيَكَ ٱلۡيَقِينُ ٩٩

1353. *Al-yaqîn* (wantahipun *yakin*) utawi *barang ingkang sampun yakin wontenipun*, punika tumrap ing ayat punika limrahipun kasuraos mengku teges *pejah* (Bkh), awit pejah makaten satunggaling barang ingkang mesthi namani saben titah. Dados, حتى يأتيك اليقين (*ingkang wantahipun nganti manawa barang kang yakin kelakoné anekani sira) punika mengku teges salawasé sira urip*.

ركوعاتها ١٦ — سُورَةُ النَّحْلِ مَكِّيَّةٌ (١٦) — آياتها ١٢٨

SURAT 16

AN-NAHL

(*Tawon*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(16 *ruku'*, 128 *ayat*)

Pathinipun:

Ruku'	1.	Wedharing Sabdanipun Pangéran punika kaseksèn nyatanipun déning dumadi punika.
Ruku'	2.	Sagung dumadi angluhuraken Mahatunggalipun Allah.
Ruku'	3, 4.	Para ingkang angemohi Mahatunggalipun Pangéran lan Wahyunipun Pangéran badhé nemahi asor.
Ruku'	5, 6.	Para Nabi kajumenengaken punika perlu anerangaken.
Ruku'	7.	Dumadosing manusa punika angemohi manembah-pangéran-kathah.
Ruku'	8.	Anggènipun atindak dédé para ingkang angemohi.
Ruku'	9.	Sanépa-sanépa ingkang anedahaken nyatanipun Wedharing Sabda.
Ruku'	10.	Sinten ingkang pinilih anampèni Wewedhar Sabda.
Ruku'	11.	Pidana dipun tahan.
Ruku'	12.	Para andika Nabi sami badhé paring pasaksi lumawan umatipun.
Ruku'	13.	Wewedhar Sabda maréntahaken kasaénan.
Ruku'	14.	Quran Suci punika sanès anggit-anggitan.
Ruku'	15.	Pandumanipun para titiyang ing Makkah.
Ruku'	16.	Kados pundi sagedipun dados bangsa ingkang ageng.

Irah-irahanipun

Surat punika mungguh sanget dipun namakaken *Tawon*, awit tawon punika margi angsal tuntunanipun *instinct* (raos-pangraos naluri), ingkang tumrapipun tawon winastan wahyuning Pangéran (ayat 68), angempalaken maben saking sawarnining sekar, mendhet zat-zat-ipun ingkang saé, dadosipun angedalaken "ombèn-ombèn rupa-rupa warnané, ing kono ana tambané tumrap para manusa." Lah, makaten ugi wahyuning Pangéran ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi, punika inggih klempakanipun piwulangipun sadaya para nabi ingkang saé-saé sarta kawahyakaken wonten ing Quran Suci, ingkang ugi kapangandikakaken manawi dados *usada* (10: 57) tumrap sasakitipun ruhani para manusa.

Sasambetanipun kaliyan surat-surat ingkang sampun

Surat punika menggah ing sajatos-jatosipun kagolong golonganipun surat-surat *alif, lâm, râ* ingkang sampun-sampun, ènthanipun kadi déné wewahanipun surat-surat wau. Wondéné ingkang kawarsitakaken sami kaliyan surat nenem golongan *alif, lâm, râ* wau. Surat-surat wau sadaya anggènipun netepaken kayektènipun wahyuning Pangéran, ingkang kathah sarana mendhet pasaksèn saking makardinipun kawasaning Pangéran wonten ing sagung titah, sarta ing salajengipun anedahaken kayektèning Kasawijènipun Pangéran sarana mendhet pasaksèn kados ingkang makaten wau. Dados, pasaksèn ingkang kasebutaken wonten ing nem surat golongan *alif, lâm, râ* wau kawewahan pasaksèn pipiridan saking sagung titah ingkang kagelaraken wonten ing surat punika. Kayektèning wahyunipun Pangéran dipun antebaken malih sarana anengenaken piwulang ingkang mesthi kawulangaken déning wahyunipun Pangéran.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika ngambali malih piwulang-piwulang ingkang kawarsitakaken wonten ing surat ingkang sampun. Para mengsahipun Quran sami dipun paringi pèpènget, sarta wonten ing ngriki kaundhangakaken bilih dhumawahing siksa sampun andungkap. Lajeng katerangaken bilih nitik paparingipun Pangéran ingkang kathah sanget tumrap karahayoning manusa menggah ing kawadhagan-ipun, mokal sèwu mokal manawi Pangéran ingkang asifat Mahamurah wau boten maringi ingkang kabetahaken kanggé karahayonipun manusa menggah ing ruhaninipun. Ruku' ingkang wiwitan piyambak dipun wekasi kalayan pratélan ingkang wigatos makaten: *Lan anuduhaké dalan bener iku ana ing Allah piyambak.* Ruku' ingkang kaping kalih, kajawi taksih nglajengaken mangandikakaken nugraha wadhag ingkang kaparingaken Pangéran dhateng manusa, inggih dhawuh migatosaken dhateng luhuring lenggahipun manusa, anggènipun ngungkuli sagung titah, awit sadaya titah punika kadamel teluk dhateng manusa. Dados pangandika punika wigatos andhawuhaken supados manusa manusa purun ngregèni dhateng awakipun piyambak, sarwi mituturi manusa sampun ngantos sami sujud dhateng sasamining titah (ayat 20), ingkang pancènipun anggèning katitahaken punika supados dipun paréntah déning manusa. Kalih ruku' candhakipun nuntun kula sami dhateng laladaning piweca malih kalayan anerangaken bilih para ingkang sami angemohi mesthi badhé dhumawah asor. Punika lajeng dipun sambeti malih ruku' kakalih ingkang nglajengaken anerangaken kayektènipun pratélan ingkang sampun kasebutaken ing nginggil sarta mangandikakaken santolanipun ingkang palsu para ingkang sami angemohi yakti. Ruku' ingkang kaping pitu nerangaken kados pundi emohipun kudrat tumitahing manusa dhateng panembah-pangéran-kathah, déné ruku' ingkang kaping wolu mangandikakaken dosanipun para ingkang sami angemohi, ingkang boten tumunten kasiksa, awit Pangéran punika Mahaasih. Ruku' ingkang kaping sanga anetepaken bilih wahyuning Pangéran punika kabetahaken sanget, sarana anyebutaken tumindaking angger-angger ingkang makardi wonten ing sagung titah. Ruku' ingkang kaping sadasa anerangaken bilih boten saged sadaya tiyang tampi wahyu wau, wangsul tiyang ingkang saé piyambak punika ingkang kapilih nampèni wahyu. Ruku' ingkang kaping sawelas mangandikakaken wawangen ambrukipun para mengsah, sanajan ta margi saking sih-wilasanipun Pangéran siksa wau taksih kasumenèkaken. Ruku' ingkang kaping kalihwelas nyebutaken pasaksènipun para andika nabi lumawan umatipun, ruku' ingkang kaping tigawelas anerangaken bilih ingkang dipun paréntahaken déning Wahyuning Pangéran punika boten sanès kajawi namung kasaénan blaka, dados wawatekanipun kudrat manusa boten manawi emoh dhateng papakèning wahyu wau. Candhakipun anyebutaken kalayan terang bilih Quran punika wahyuning Pangéran ingkang kinarsakaken kanggé anggentosi wahyuning Pangéran ingkang sampun-sampun, sanès kok damelanipun manusa. Nasib ingkang badhé dipun sandhang déning para titiyang Makkah, ingkang tetep ambeguguk ngutha waton maiben manawi Quran pranyata yakti saking Pangéran, kasanépakaken kaliyan satunggaling kitha ingkang makmur ingkang lajeng nandhang kuwatos lan nandhang luwé margi tiyangipun boten sami purun atur-panuwun.

Lah sapunika sasampunipun mengsah kasiksa margi saking anggènipun sami murang-yekti sarta sasampunipun ambruk panguwaosipun, surat punika lajeng winekasan kalayan maringi pitedah sawatawis dhateng para Muslimin, supados dipun gondhèlana ingkang saèstu murih para Muslimin dados umat ingkang ageng lan lastantun dados umat ingkang ageng. Kanjeng Nabi Ibrahim, luluhur ingkang dipun hurmati déning para titiyang Yahudi, titiyang Nasrani, tuwin titiyang Arab manembah brahala, kasebutaken manawi dados tepatuladha ingkang peng-pengan, kajumenengaken dados titiyang ageng wonten ing gesang sapunika punika sarta dados èwoning kawulanipun Allah ingkang tulus piyambak. Sagedipun panjenenganipun anggayuh kalenggahan ingkang inggil wau margi saking anggènipun dados tukang mulangaken Tauhid (Kasawijènipun Pangéran), tuwin anggènipun sumarah babar pisan dhateng Pangéran Ingkang-Nitahaken, sarta inggih makaten wau ingkang ing sapunika kadhawuhaken dhateng para Muslimin. Rembaganipun prakawis agami kedah katindakaken kalayan sumanget alus tuwin ruruh saha kalayan kawicaksanan ingkang lebet. Para Muslimin kedah kados umat ingkang ambeg ngapura, sanès umat ingkang remen nandukaken pamales, awit ambeg ngapura punika marginipun kaluhuran tuwin kamenangan.

Titimangsanipun nalika kadhawuhaken

Tumurunipun surat punika kagolong ing jaman Makkah wekasan, sami kaliyan surat-surat sagolongan ingkang kasambetan surat punika. Katrangan ingkang cetha bab kayektèning wahyunipun

RUKU' 1

Wahyuning Pangéran punika kasebut nyatanaipun déning sagung dumadi punika

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Paréntahing Allah wis rawuh; mulané, iku aja sira padha anggégé.[1354] Mahasuci Panjenengané sarta Mahaluhur, adoh saka apa kang padha disakuthokaké (karo Panjenengané).

أَتٰىٓ أَمْرُ اللّٰهِ فَلَا تَسْتَعْجِلُوْهُ ۗ سُبْحٰنَهٗ وَتَعٰلٰى عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ①

2 Panjenengané anurunaké para malaikat angemban timbalan[1355]

يُنَزِّلُ الْمَلٰٓئِكَةَ بِالرُّوْحِ مِنْ أَمْرِهٖ

Pangéran radi dipun panjangaken pangrembagipun wonten ing surat punika minangka bukti pamungkas lumawan para titiyang dosa ing Makkah. Ing ayat 41 tuwin ayat 110 anyebutaken Muhajir, jawinipun tiyang ingkang ngungsi, sarta ayat 115 nyebutaken pranatan bab tetedhan awisan, punika mahanani sawenèh sarjana lajeng anggadhahi paham manawi ayat-ayat wau anggènipun kadhawuhaken wonten ing Madinah. Tumrap bab ingkang sapisan prayogi dipun pèngeti bilih ngungsinipun titiyang Muslimin ingkang rumiyin piyambak perlu ngoncati panganiayanipun titiyang Makkah, punika sampun kalampahan nalika tahun ingkang kaping gangsal sasampunipun Kanjeng Nabi jumeneng dados utusan; nanging kathah èmperipun manawi ingkang dipun sasmitakaken punika bidhalipun titiyang Muslimin saking Makkah ingkang kaping kalih, ingkang kelampahanipun nalika ngajengaken jengkaripun Kanjeng Nabi saking kitha wau. Déné tumrap bab ingkang angka kalih, perlu dipun èngeti bilih rembag bab prakawis tetedhan awisan punika sampun kawarsitakaken nalika jaman Makkah, boten namung wonten ing surat punika kémawon, nanging ugi ing surat ingkang kaping nenem. Awit rembag bab prakawis tetedhan awisan punika wonten sasambetanipun ingkang rapet kaliyan bab panembah-pangéran-kathah, kadosta sadaya tetedhan ingkang kasebutan nama sanèsipun asmaning Allah kaawisan boten kénging katedha. Dados, bukti warni kalih wau sadaya boten pinanggih ing nalar, milanipun boten wonten malih pupuntoning pamanggih kajawi amastani manawi surat punika ing sagemblengipun tumurun wonten ing Makkah jaman akhir.

1354. Sabda ingkang wiwitan ing surat punika mathis sanget dados sambetipun surat-surat ingkang sampun, ingkang marambah-rambah maringi pèpènget dhumawahing siksa dhateng para mengsahing yakti ingkang ambeg duraka. *Amrullâh* (ingkang wantahipun ateges *paréntahé Allah*), punika maksud-ipun siksaning Allah ingkang sampun kaancamaken. Ing ngriki *Amrullâh* wau kapangandikakaken kados déné sampun dhumawah; ingkang makaten punika kanggé anedahaken kayakinan ingkang sanget bilih mesthi badhé kelampahan, boten kénging boten. *Fi'il madli* (tembung kriya ingkang nedahaken ing wekdal ingkang sampun kalampahan) punika wonten ing kapustakan Arab asring dipun pigunakaken kanggé ing wekdal ingkang dèrèng kalampahan manawi badhé kanggé ngantepaken kayakinan bilih prakawis ing wekdal ingkang badhé dhateng wau boten kénging boten mesthi kalampahanipun. Nanging para tiyang kafir sami dipun paringi wawarah sampun ngantos sami anggégé siksa, awit Allah ingkang sampun paring nugraha lahir samanten kathahipun dhateng piyambakipun, punika taksih kapareng matedhakaken paparing-Ipun ruhani, jalaran Mahaasih punika sifatipun Pangéran ingkang onjo piyambak. Punika kasebutaken wonten ing ayat-ayat candhakipun. Siksa punapa badhénipun, punika kasebutaken kalayan ceplos wonten ing pungkasaning surat punika (ayat 112); mirsanana 1406.

1355. *Ruh* ing ngriki ateges *ilham* utawi *wahyuning Pangéran kados déné ingkang kaparingaken lumantar malaikat punika* ...... déné milanipun kasebut makaten jalaran wahyu punika saged

saka dhawuh-É, marang sapa-sapa kawula-Né, kang dadi kaparenging karsa-Né, pangandikané:[1356] Apé-pélinga, yèn ora ana sesembahan kajaba Ingsun, mulané di ngati-ati (ing wajibira) marang Ingsun.

عَلٰى مَنْ يَّشَآءُ مِنْ عِبَادِهٖٓ اَنْ اَنْذِرُوْٓا اَنَّهٗ لَآ اِلٰهَ اِلَّآ اَنَا فَاتَّقُوْنِ ۝٢

3 Panjenenganè wus anitahaké langit-langit lan bumi kalawan yakti, mahaluhur Panjenengané adoh saka apa kang padha di-sakuthokaké (karo Panjenengané).

خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ بِالْحَقِّ ؕ تَعٰلٰى عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ۝٣

4 Panjenengané wus anitahaké manusa saka banyu wijining urip,[1356A] lah satemah dhèwèké iku dadi tukang madoni kang ngeblak.

خَلَقَ الْاِنْسَانَ مِنْ نُّطْفَةٍ فَاِذَا هُوَ خَصِيْمٌ مُّبِيْنٌ ۝٤

5 Apa déné rajakaya, iku Panjenengané anggoné anitahaké, tumrap marang sira; ing kono sira olèh sandhangan anget sarta pirang-pirang paédah apa déné ana kang sira pangan.

وَالْاَنْعَامَ خَلَقَهَا ۚ لَكُمْ فِيْهَا دِفْءٌ وَّمَنَافِعُ وَمِنْهَا تَاْكُلُوْنَ ۝٥

Ar. *kaéndahan*

6 Lan ing kono sira olèh *kasenengan* nalikané padha sira giring (mulih) sarta nalikané sira uculaké (marang panggonan).

وَلَكُمْ فِيْهَا جَمَالٌ حِيْنَ تُرِيْحُوْنَ وَحِيْنَ تَسْرَحُوْنَ ۝٦

7 Apa déné anggawakaké gagawanira kang abot marang nagara-nagara, kang ora bisa sira padha tumeka mrono kajaba kalawan rekasaning jiwa; sayekti Pangéranira iku Mahawelas, Mahaasih.

وَتَحْمِلُ اَثْقَالَكُمْ اِلٰى بَلَدٍ لَّمْ تَكُوْنُوْا بٰلِغِيْهِ اِلَّا بِشِقِّ الْاَنْفُسِ ؕ اِنَّ رَبَّكُمْ لَرَءُوْفٌ رَّحِيْمٌ ۝٧

anggesangaken tiyang saking pejahing kakafiran (utawi boten mastuti ing Pangéran) ..... *lan ateges ayahan kanabian*. Tembung wau ugi ateges *Quran* (LL).

1356. *An* punika limrahipun dipun tegesi *supaya*, nanging asring kémawon tembung wau mengku teges *ai* (jawinipun *yaiku*) utawi sawarni *ai*, mengku teges *qâilan*, utawi *qâilîna* (jawinipun *pangucapé*), utawi rimbagan saking tembung *qâla* (*calathu*) sanès-sanèsipun (Mgh-LL). *An* dipun pigunakaken kados makaten wau wonten sarat-saratipun sawatawis; mirsanana Mgh.

1356A. Asalipun *nuthfah* punika namung ateges *toya ingkang suci* (TA: *al-mâus-shâfî*), sami ugi kanggé mastani toya suci ingkang namung sakedhik sanget punapa kathah sanget milanipun sadhéngah ombèn-ombèn ingkang saé punika ugi kasebut *nuthfah*, makaten ugi *saganten* (TA). Déné *nuthfah* ingkang kasebutaken dados babakal tumitahipun manusa, punika wijining gesang utawi spermatozoon ingkang wonten ing tirtapulanghyun.

وَّالْخَيْلَ وَالْبِغَالَ وَالْحَمِيْرَ لِتَرْكَبُوْهَا
وَزِيْنَةً ۗ وَيَخْلُقُ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ﴿٨﴾

8 Lan manèh (Panjenenganè wus anitahaké) jaran, bighal sarta kuldi, supaya iku dadi tungganganira sarta minangka rerenggan; apa déné Panjenenganè anitahaké barang kang sira padha ora weruh.

وَعَلَى اللّٰهِ قَصْدُ السَّبِيْلِ وَمِنْهَا جَآئِرٌ ۗ
وَلَوْ شَآءَ لَهَدٰىكُمْ اَجْمَعِيْنَ ﴿٩﴾

9 Lan anuduhaké dalan bener iku ana ing Allah (piyambak), sarta (dadalan) iku ana kang mlèncèng; lan lamun Panjenenganè angarsakna, amasthi Panjenenganè anuntun ing sira kabèh.[1357]

RUKU' 2

Sagung dumadi angluhuraké Mahatunggalipun Allah

10-19. Sadaya titah punika kadamel alalados dhateng manusa. 20, 21. Titah boten kénging dipun alap dados sesembahan.

هُوَ الَّذِيْٓ اَنْزَلَ مِنَ السَّمَآءِ مَآءً لَّكُمْ
مِّنْهُ شَرَابٌ وَّمِنْهُ شَجَرٌ فِيْهِ تُسِيْمُوْنَ ﴿١٠﴾

10 Panjenenganè iku kang anurunaké banyu saka ing mendhung tumrap marang sira; iku ana sing dadi ombèn-ombèn lan ana sing kanggo (anukulaké) wit-witan, ing kono sira padha angon.

يُنْۢبِتُ لَكُمْ بِهِ الزَّرْعَ وَالزَّيْتُوْنَ
وَالنَّخِيْلَ وَالْاَعْنَابَ وَمِنْ كُلِّ الثَّمَرٰتِ ۗ
اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّقَوْمٍ يَّتَفَكَّرُوْنَ ﴿١١﴾

11 Kalawan iku Panjenenganè anukulaké tanem-tuwuh kanggo marang sira sarta zaitun lan kurma-kurma tuwin anggur-anggur apa déné sarupaning wowohan; sayekti, ing kono iku temen ana tandha tumrap wong kang padha mikir-mikir.

وَسَخَّرَ لَكُمُ الَّيْلَ وَالنَّهَارَ ۙ وَالشَّمْسَ
وَالْقَمَرَ ۗ وَالنُّجُوْمُ مُسَخَّرٰتٌۢ بِاَمْرِهٖ ۗ اِنَّ
فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّعْقِلُوْنَ ﴿١٢﴾

12 Lan Panjenenganè wus andadèkaké wengi lan raina sarta srengéngé tuwin rembulan alaladi marang sira, apa déné lintang-lintang iku anggoné laladi kalawan paréntah-É; sayekti ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha angangen-angen;

1357. Inggih awit saking punika mila ing wasananipun Makkah salajengipun saindhenging tanah

13 Apa déné sabarang ules manéka-warna kang Dianakaké ing bumi tumrap marang sira; sayekti ing kono iku temen ana tandha tumrap wong kang padha angalap éling.

وَمَا ذَرَاَ لَكُمْ فِي الْاَرْضِ مُخْتَلِفًا اَلْوَانُهٗ ۗ
اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّقَوْمٍ يَّذَّكَّرُوْنَ ﴿۱۳﴾

14 Lan Panjenengané iku kang andadèkaké sagara alaladi, supaya sira padha mangana daging anyaran saka ing kono sarta padha angetokna papaès kang padha sira anggo saka ing kono, lan sira andeleng prau anyigar (banyuné) ing kono, apa déné supaya sira padha angupaya lubèring paparing-È tuwin supaya sira padha atur panuwun.

وَهُوَ الَّذِيْ سَخَّرَ الْبَحْرَ لِتَاْكُلُوْا مِنْهُ
لَحْمًا طَرِيًّا وَّتَسْتَخْرِجُوْا مِنْهُ حِلْيَةً
تَلْبَسُوْنَهَا ۚ وَتَرَى الْفُلْكَ مَوَاخِرَ فِيْهِ
وَلِتَبْتَغُوْا مِنْ فَضْلِهٖ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ﴿۱۴﴾

15 Lan Panjenengané andèkèk gunung gedhé-gedhé ing bumi, supaya iki *ora oyag kalawan sira*, apa déné kali-kali lan dalan-dalan supaya sira padha bener ing laku.[1358]

Ut. *awèh pangan sira*

وَاَلْقٰى فِي الْاَرْضِ رَوَاسِيَ اَنْ تَمِيْدَ
بِكُمْ وَاَنْهٰرًا وَّسُبُلًا لَّعَلَّكُمْ تَهْتَدُوْنَ ﴿۱۵﴾

16 Tuwin tenger-tenger; sarta kalawan lintang-lintang dhèwèké padha olèh dadalan bener.

وَعَلٰمٰتٍ ۗ وَبِالنَّجْمِ هُمْ يَهْتَدُوْنَ ﴿۱۶﴾

Arab sami purun nampèni Islam. Ayat punika anerangaken bilih Pangéran ingkang Mahatresna lan Mahaasih, ingkang sampun maringi manusa nugraha lahir samanten kathahipun, punika mesthi botenipun yèn ta anégakna manusa, boten maringi kabetahanipun ruhani.

1358. Kala punapa lan kados pundi dumadosipun redi-redi, punika babagan ingkang kalebet wonten ing laladaning kawruh *géology*. Bokmanawi ingkang dipun pangandikakaken Quran punika bab munjukipun lan oregipun bumi ingkang mahanani wontenipun redi-redi ing nalika manusa dèrèng tumitah wonten ing bumi; sarta sasampunipun tumindak kalayan sampurna, ing sapunikanipun oyaging bumi wau prasasat sampun boten andayani punapa-punapa. Awit saking punika kawontenanipun bumi ing sapunika, ingkang *kadunungan ing manusa* (bab punika kawengku wonten ing tetembungan *kalawan sira*) sarwa kekah, kénging kanggé gesang. Wondéné teges ingkang kasebutaken wonten ing margin punika inggih wonten watonipun dhawuh Quran ingkang kapangandikakaken wonten ing panggènan sanès makaten: "Lan gunung-gunung, Panjenengané angukuhaké iku, dadi ingon tumrap sira lan tumrap rajakayanira" (79: 32, 33); awit *mâda* punika ugi ateges *nyukani piguna*, sarta *mâ-idah* ateges *tetedhan*. Nanging *mâda* punika ugi ateges *mubeng*, تميد بكم sami kaliyan ندور بكم (tembung an ing ngriki namung ateges supaya), dados pangandika punika mengku teges makaten: *Panjenengané wus angedhegaké gunung-gunung kang gedhé-gedhé ana ing bumi supaya dhèwèké mau mubeng karo sira*.

17 Lah apa Kang anitahaké iku padha karo kang ora nitahaké? Lah apa ta sira padha ora ngangen-angen?

أَفَمَن يَخْلُقُ كَمَن لَّا يَخْلُقُ ۗ أَفَلَا
تَذَكَّرُونَ ﴿١٧﴾

18 Lan manawa sira amilanga nugrahaning Allah, iku ora bakal sira bisa nacahaké; sayekti Allah iku temen Aparamarta, Mahaasih.

وَإِن تَعُدُّوا نِعْمَةَ اللَّهِ لَا تُحْصُوهَا ۗ
إِنَّ اللَّهَ لَغَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٨﴾

19 Lan Allah iku angudanèni apa kang padha sira singidaké lan apa kang padha sira blakaké.

وَاللَّهُ يَعْلَمُ مَا تُسِرُّونَ وَمَا تُعْلِنُونَ ﴿١٩﴾

20 Lan apa kang padha diuwuh, saliyané Allah, iku ora nitahaké apa-apa, malah padha dititahaké;

وَالَّذِينَ يَدْعُونَ مِن دُونِ اللَّهِ لَا
يَخْلُقُونَ شَيْئًا وَهُمْ يُخْلَقُونَ ﴿٢٠﴾

21 (Iki padha) mati, ora urip, sarta padha ora weruh kapan anggoné bakal padha tinangèkaké.[1359]

أَمْوَاتٌ غَيْرُ أَحْيَاءٍ ۖ وَمَا يَشْعُرُونَ
أَيَّانَ يُبْعَثُونَ ﴿٢١﴾

RUKU' 3

Para ingkang sami angafiri Mahatunggalipun Allah tuwin wahyu

22-24. Angafiri Mahatunggal sarta wedharing sabda. 25. Punika sami badhé nyanggi sasanggèn pangkat.

22 Pangéranira iku Pangéran Kang Mahatunggal; lah para kang padha ora angèstu ing akhirat, iku atiné padha katambuhan sarta padha gumedhé.

إِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ ۚ فَالَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ
بِالْآخِرَةِ قُلُوبُهُم مُّنكِرَةٌ وَهُم
مُّسْتَكْبِرُونَ ﴿٢٢﴾

23 Ora kena ora, sayekti Allah iku angudanèni apa kang padha siningidaké sarta apa kang dieblak; sayekti Panjenengané ora remen marang para gumedhé.

لَا جَرَمَ أَنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ مَا يُسِرُّونَ وَمَا
يُعْلِنُونَ ۚ إِنَّهُ لَا يُحِبُّ الْمُسْتَكْبِرِينَ ﴿٢٣﴾

1359. Ayat kakalih punika anedahaken kalayan ceplos bilih Kanjeng Nabi 'Isa (Yesus) utawi inggih tiyang sanès-sanèsipun ingkang dipun anggep Pangéran, punika boten naté saged nitahaken barang-barang. Kaping kalihipun ayat punika anedahaken bilih Kanjeng Nabi 'Isa punika boten kok taksih sugeng nalika jaman tumurunipun Quran, jalaran ing ngriku kasebutaken kanthi tetembungan ingkang cetha wéla-wéla bilih sadaya ingkang sami dipun susuwuni, sanèsipun Allah, punika sadaya sami pejah, boten gesang. Pratélan lajengipun bilih sadaya wau boten sami mangertos bénjing punapa anggènipun badhé katangèkaken, punika anedahaken bilih ingkang kapangandikakaken ing ayat punika:

24 Lan nalikané padha dicalathoni: Wus anurunaké apa Pangéranira? Padha calathu: dongèngé para wong kuna;

وَإِذَا قِيلَ لَهُم مَّاذَا أَنزَلَ رَبُّكُمْ ۙ
قَالُوا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ﴿٢٤﴾

25 Supaya ing dina kiyamat padha nyangga sasanggané kabèh; mangkono manèh sabagéaning sasanggané para kang padha kasasaraké kalawan tanpa kawruh; o, sayekti ala apa sasanggané:

لِيَحْمِلُوا أَوْزَارَهُمْ كَامِلَةً يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۙ
وَمِنْ أَوْزَارِ الَّذِينَ يُضِلُّونَهُم بِغَيْرِ
عِلْمٍ ۗ أَلَا سَاءَ مَا يَزِرُونَ ﴿٢٥﴾

RUKU' 4

Para atindak dosa badhé sami dhumawah ing asor

26-29. Para ingkang sami damel paékan anulak kasunyatan badhé dhawah nista. 30-32. Para tulus badhé angsal kabegjan. 33, 34. Angentosi pidana ingkang wekasan.

26 Para ing sadurungé dhèwèké temen wus padha angragum paékan, ananging Allah angrubuhaké yayasané saka ing tatalesé; tumuli payoné, saka ing sadhuwuré, anibani dhèwèké, sarta siksané tumeka marang dhèwèké saka panggonan kang ora dikira-kirakaké.[1360]

قَدْ مَكَرَ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ فَأَتَى اللَّهُ
بُنْيَانَهُم مِّنَ الْقَوَاعِدِ فَخَرَّ عَلَيْهِمُ
السَّقْفُ مِن فَوْقِهِمْ وَأَتَاهُمُ الْعَذَابُ
مِنْ حَيْثُ لَا يَشْعُرُونَ ﴿٢٦﴾

27 Tumuli ing dina kiyamat Panjenengané angasoraké dhèwèké sarta angandika: Endi sekuthon (kang sira anggep minangka sisihan-)Ingsun, kang padha dadi karanané sira padha mungsuhi?

ثُمَّ يَوْمَ الْقِيَامَةِ يُخْزِيهِمْ وَيَقُولُ
أَيْنَ شُرَكَائِيَ الَّذِينَ كُنتُمْ تُشَاقُّونَ

tiyang-tiyang ingkang dipun anggep Pangéran; saboten-botenipun tiyang-tiyang (manusa) ingkang sami dipun anggep Pangéran wau kalebet èwonipun ingkang kapangandikakaken ing ayat punika.

1360. Punika piweca ingkang mecakaken nasib ingkang badhé dipun sandhang déning para mengsah. Para titiyang wau sami ngrakit upaya lumawan Kanjeng Nabi, sarta adhadhasar upaya wau piyambakipun sami angedegaken griya ingkang manawi sampun dados boten kénging boten mesthi badhé dipun sirnakaken, tuwin sirnanipun griya wau badhé adamel curna ugi para ingkang sami angedegaken wau, margi sami kebrukan payon sirah-sirahipun. Suraosipun: para mengsah wau sami dipun paringi inah ngrampungaken anggènipun ngrakit upaya nanging manawi sampun rampung, upayanipun tuwin sadaya barang ingkang katanjakaken mriku badhé atanpa gina, malah-malah badhé mahanani leburipun para titiyang wau piyambak. Kacundhukna kaliyan 8: 36: "Sayekti para kang padha kafir iku padha angetokaké bandhané kanggo anyegah manusa saka dadalané Allah; mulané dhèwèké bakal padha angetokaké iku tumuli iku ingatasé dhèwèké dadi piduwung kang abanget, tumuli dhèwèké bakal padha kasoran."

Para kang padha sinungan kawruh acalathu: Sayekti, ing dina iki asor lan ala tumiba marang para kafir.[1361]

فِيهِمْ ۚ قَالَ الَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ إِنَّ
الْخِزْيَ الْيَوْمَ وَالسُّوءَ عَلَى الْكَافِرِينَ ﴿٢٧﴾

28 Para kang padha digawé mati déning para malaikat, padha atindak dudu marang awaké dhéwé. Tumuli padha angaturaké sumarah(-é): Kawula boten naté anglampahi awon. O, lah, sayekti Allah iku angudanèni marang apa kang padha sira lakoni.

الَّذِينَ تَتَوَفَّاهُمُ الْمَلَائِكَةُ ظَالِمِي
أَنفُسِهِمْ ۖ فَأَلْقَوُا السَّلَمَ مَا كُنَّا نَعْمَلُ
مِن سُوءٍ ۚ بَلَىٰ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ بِمَا
كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٢٨﴾

29 Mulané padha malebua korikorining naraka, padha manggon ing kono; lah temen ala padunungané para gumedhé iku.

فَادْخُلُوا أَبْوَابَ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ فِيهَا ۖ
فَلَبِئْسَ مَثْوَى الْمُتَكَبِّرِينَ ﴿٢٩﴾

30 Lan dipangandikakaké marang
Ut. *anjaga dhiri*
para kang padha *prayitna* (saka ing ala): Pangéranira wus andhawuhaké apa? Padha calathu: Kasaénan. Para kang padha agawé becik ana ing donya iki olèh kabecikan, lan temen, padunungan ing akhirat iku luwih becik; lan temen pinunjul banget padunungané para kang
Ut. *anjaga dhiri*
padha *prayitna* (saka ing ala);

وَقِيلَ لِلَّذِينَ اتَّقَوْا مَاذَا أَنزَلَ رَبُّكُمْ ۚ
قَالُوا خَيْرًا ۗ لِّلَّذِينَ أَحْسَنُوا فِي هَٰذِهِ
الدُّنْيَا حَسَنَةٌ ۚ وَلَدَارُ الْآخِرَةِ خَيْرٌ ۚ
وَلَنِعْمَ دَارُ الْمُتَّقِينَ ﴿٣٠﴾

31 Patamanan kalanggengan, dhèwèké bakal padha malebu mrono,
Ar. *ngisoré*
kali-kaliné padha mili ing *jeroné*; ana ing kono bakal padha olèh apa kang dikarepaké. Kaya mangkono iku pangganjaré Allah marang para
Ut. *anjaga dhiri*
kang padha *prayitna* (saka ing ala).

جَنَّاتُ عَدْنٍ يَدْخُلُونَهَا تَجْرِي مِن
تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۖ لَهُمْ فِيهَا مَا يَشَاءُونَ ۚ
كَذَٰلِكَ يَجْزِي اللَّهُ الْمُتَّقِينَ ﴿٣١﴾

32 Para kang padha digawé mati déning para malaikat ing dalem kahanan becik, padha

الَّذِينَ تَتَوَفَّاهُمُ الْمَلَائِكَةُ طَيِّبِينَ ۙ

1361. Kagatosna, ing ayat punika ngantos kaping kalih katerangaken siksanipun para kafir wonten ing dinten kiyamat punika asor. Punika anedahaken bilih asor punika salah satunggaling latu naraka, ingkang ing gesang sapunika punika ugi sampun dados bebahanipun para titiyang wau.

calathu: Rahayu tumibaa ing sira, padha malebua patamanan, amarga saka apa kang wus padha sira lakoni.

يَقُولُونَ سَلَٰمٌ عَلَيْكُمُ ادْخُلُوا الْجَنَّةَ
بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٣٢﴾

33 Dhèwèké padha ora angentèni apa-apa kajaba bakal tekané para malaikat marang dhèwèké utawa bakal tekané paréntahé Pangéranira.[1362] Kaya mangkono iku (iya kang) wus dilakoni para ing sadurungé dhèwèké; lan Allah iku ora anganiya dhèwèké, ananging dhèwèké kang wus padha anganiaya awaké dhéwé.

هَلْ يَنْظُرُونَ إِلَّآ أَنْ تَأْتِيَهُمُ الْمَلَٰٓئِكَةُ
أَوْ يَأْتِيَ أَمْرُ رَبِّكَ ۚ كَذَٰلِكَ فَعَلَ الَّذِينَ
مِنْ قَبْلِهِمْ ۚ وَمَا ظَلَمَهُمُ اللَّهُ وَلَٰكِنْ
كَانُوٓا أَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿٣٣﴾

34 Banjur (kawusanan kang) ala saka panggawé-panggawéné angenani dhèwèké sarta apa kang padha diguguyu anglimputi dhèwèké.[1363]

فَأَصَابَهُمْ سَيِّئَاتُ مَا عَمِلُوا وَحَاقَ
بِهِمْ مَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِءُونَ ﴿٣٤﴾

RUKU' 5

Para Nabi kajumenengaké punika perlu anerangaken

35. Santolan ingkang boten nyata. 36, 37 Para Nabi kajumenengaken punika supados nununtun. 38-40. Pamaiben dahteng wontenipun gesang sasampunipun pejah.

35 Lan para kang padha anyakuthokaké (sesembahan kanggo anisihi Allah) acalathu: lamun ta Allah angarsakna, ora bakal aku padha ngawulanana sawiji-wiji saliyané Panjenengané, aku,

وَقَالَ الَّذِينَ أَشْرَكُوا لَوْ شَآءَ اللَّهُ مَا
عَبَدْنَا مِنْ دُونِهِ مِنْ شَيْءٍ نَّحْنُ

1362. Punapa tegesipun malaikat rawuh utawi Pangéran rawuh, punika kacethakaken wonten ing ayat sambetipun, inggih punika ateges pidananing pandamelipun ingkang awon tuwin ambrukipun ingkang wekasan para titiyang wau. Para titiyang wau kantun angantosi rawuhipun malaikat tuwin dhumawahing wohipun ingkang awon pandamelipun, sarta para titiyang wau kantun sami angantosi kalampahaning dhawuh sabdanipun Pangéran sarta sami badhé kalimputan ing barang ingkang suwaunipun dipun gugujeng. Dados malaikat rawuh punika ateges dhumawahipun babaya ingkang alit-alit, kados déné ingkang andhawahi piyambakipun awujud paceklik lan paprangan, déné kalampahanipun dhawuh sabdanipun Pangéran, punika ateges sirnanipun babar pisan panguwaosipun, ingkang kanyataan nalika bedhahipun nagari Makkah. Mirsanana 268 tuwin 2: 210.

1363. Kados déné ingkang sampun katerangaken ing ngajeng, ing Quran asring kagem *fi'il madli* (tembung kriya ingkang nedahaken pandamel ingkang katindakaken ing wekdal ingkang sampun kalampahan) kanggé wekdal ingkang badhé dhateng, samangsa badhé kagem ngantepaken kayakinan tur ingkang kalayan sanget (Rz, jilid 2, kaca 242). Piweca punika dumunung dhawuh wangsulan tumrap panyuwun ingkang kasebut wonten ing ayat ingkang sampun.

mangkono manèh bapak-bapakku, sarta ora bakal aku padha anglarangana sawiji-wiji tanpa (paréntah saka) Panjenenganè.[1364] Para ing sadurungé dhèwèké iya anglakoni kaya mangkono. Mulané apa ta pipikulané para utusan iku kajaba anekakaké ayahan kang terang.

وَلَآ ءَابَآؤُنَا وَلَا حَرَّمْنَا مِن دُونِهِۦ مِن شَىْءٍ ۚ كَذَٰلِكَ فَعَلَ ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ فَهَلْ عَلَى ٱلرُّسُلِ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ٱلْمُبِينُ ﴿٣٥﴾

36 Lan temen, ing siji-sijining umat Ingsun wus anjumenengaké
a. 1356 sawijining utusan, calathuné:[a] Padha angawulanana Allah sarta angedohana sétan. Banjur dhèwèké ana kang olèh tuntunaning Allah lan ana kang sasar tumiba marang dhèwèké;[1365] mulané padha lalakua ana ing bumi; lah padha delengen, kapriyé kawusananè para wong kang padha anggorohaké .

وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِى كُلِّ أُمَّةٍ رَّسُولًا أَنِ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ وَٱجْتَنِبُوا۟ ٱلطَّٰغُوتَ ۖ فَمِنْهُم مَّنْ هَدَى ٱللَّهُ وَمِنْهُم مَّنْ حَقَّتْ عَلَيْهِ ٱلضَّلَٰلَةُ ۚ فَسِيرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ فَٱنظُرُوا۟ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُكَذِّبِينَ ﴿٣٦﴾

37 Lamun sira angudi kumudu[1366] dhèwèké padha olèha pituduh, lah sayekti Allah iku ora aparing

إِن تَحْرِصْ عَلَىٰ هُدَىٰهُمْ فَإِنَّ ٱللَّهَ لَا

1364. Pawadan utawi santolan ingkang ngayawara punika kaparingan wangsulan wonten ing péranganipun ingkang wekasan ayat punika tuwin kalajengaken wonten ing ayat candhakipun. Kaparenging karsanipun Allah punika boten kok kapintonaken kanggé meksa manusa netepi margi ingkang pundi kémawon, punika punapa punika, wangsul sarana angutus para utusan-Ipun ing saben jaman tuwin dhateng saben umat, supados anuntun manusa wau dhateng margi ingkang leres, sarta sarana piwulang ingkang cetha lumantar sabdanipun para utusan-Ipun supados memèngeti manusa murih sami anebihi piawon.

1365. حق عليه كذا tegesipun: *sampun mungguh kaliyan anggering kaadilan sapiturutipun manawi satunggaling barang numusi dhateng piyambakipun* (LL). Milanipun punika ateges: *tumrap dhèwèké dumunung ing sasar iku wus mungguh karo anggering kaadilan*. Manawi katembungaken sanès, para titiyang wau sami nemaha angugemi sasar, dados manawi piyambakipun sami dumunung ing sasar, punika Allah boten nama kirang adil. Para utusan sampun maringaken wasita dhateng para titiyang wau sarta sampun anuntun para tiyang wau dhateng margi ingkang leres, nanging para titiyang wau sami milih dumunung ing sasar. Pangandika punika boten mengku teges bilih Allah sampun mancasi para titiyang wau kedah dumunung ing sasar, awit manawi makaten Allah ndadak ngutus para utusan angrawuhi para titiyang wau nama boten wonten ginanipun. Lan malih, wonten ing wekasanipun ayat punika, para ingkang sami angemohi Kanjeng Nabi: sami kadhawuhan ngalap piwulang saking lalampahanipun para titiyang ingkang sami angemohi yakti ing kina-kina; lah saupami para titiyang wau sampun pinasti manawi badhé sasar, mesthi botenipun manawi ndadak kadhawuhan ngalap piwulang makaten wau.

1366. حرص عليه jawinipun nyarempeng tumrap dhèwèké (Msb. TA-LL); lan ugi ateges: *ngongsa-ongsa tumrap dhèwèké* (TA-LL).

pituduh sapa-sapa kang anasaraké (ing liyan),[1367] sarta dhèwèké ora bakal padha olèh pitulung,

يَهْدِي مَنْ يُضِلُّ وَمَا لَهُمْ مِنْ نَاصِرِينَ ٣٧

38 Lan dhèwèké padha sumpah kalawan (asmaning Allah) asarana keras-kerasing sumpahé: Ora bakal Allah anangèkaké sapa sing wis mati. O, la, iya, (anangèkaké)! iku sawijining janji, tetep atas Panjenengané, nyata temenan, ananging akèh-akèhé manusa padha ora weruh;

وَأَقْسَمُوا بِاللَّهِ جَهْدَ أَيْمَانِهِمْ لَا يَبْعَثُ اللَّهُ مَنْ يَمُوتُ بَلَىٰ وَعْدًا عَلَيْهِ حَقًّا وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ٣٨

39 Supaya Panjenengané anerangaké marang dhèwèké, kang ing kono dhèwèké padha sulaya, sarta supaya para kang padha kafir padha weruh, manawa awaké iku padha wong goroh.

لِيُبَيِّنَ لَهُمُ الَّذِي يَخْتَلِفُونَ فِيهِ وَلِيَعْلَمَ الَّذِينَ كَفَرُوا أَنَّهُمْ كَانُوا كَاذِبِينَ ٣٩

40 Sabda-Ningsun marang sawiji-wiji, kalané Ingsun angarsakaké iku, iku cukup mung yèn Ingsun sabdakaké: Anaa, banjur ana.

إِنَّمَا قَوْلُنَا لِشَيْءٍ إِذَا أَرَدْنَاهُ أَنْ نَقُولَ لَهُ كُنْ فَيَكُونُ ٤٠

RUKU' 6

Para Nabi dipun jumenengaken punika perlu anerangaken

41, 42. Ganjaranipun para ingkang sami dipun aniaya. 43, 44. Wedharing karsanipun Pangéran alantaran manusa. 45-50. Para ingkang nulak kasunyatan salaminipun masthi kadhawahaken ing asor.

1367. Kinten kula kathah ingkang seling serep dhateng suraosipun tetembungan من يضل punika. Sampun terang ukara punika ateges *wong kang nasaraké* (ing liyan). Tembung *adlalla* dipun anggé kalayan tanpa kasebutaken lésanipun punika kéngang-kénging kémawon; kadosta ing ukara وان كثيرا ليضلون باهوائهم بغير علم ingkang jawinipun: *lan sayekti temen akèh kang arep anasaraké (wong) kalawan pépénginané kang asor, jalaran tanpa kawruh* (6: 120). Dados tegesipun: para titiyang ingkang boten namung kesasar awakipun piyambak kémawon nanging ugi nyarempeng nasaraken tiyang sanès, punika boten saged yèn ta katuntun dhateng margi ingkang leres, ing sadanguning piyambakipun puguh nglampahi margi wau. Éwadéné manawi kamanah perlu tetembungan wau kaanggep tetembungan ingkang kénging dipun tegesi warni-warni, sarana dipun jarwani *Allah ora anuntun wong kang disasaraké*, punika inggih boten kok lajeng dipun jarwani cengkah kaliyan sabda pangandikanipun Quran ingkang terang gamblang. Quran piyambak sampun anyethakaken tiyang ingkang kasasaraken Allah punika tiyang ingkang kados pundi. Minangka tuladha ing 2: 26 kasebutaken makaten: "Ananging ora diagem nasaraké (wong siji-sijia) kajaba wong kang

41 Lan para kang padha ngili karana Allah ing sawisé kinaniaya, temen bakal Ingsun paringi padunungan kang becik ana ing donya, sarta pituwasé ing akhirat temen luwih gedhé: yèn ta padha weruha;[1368]

وَالَّذِينَ هَاجَرُوا فِي اللَّهِ مِن بَعْدِ مَا ظُلِمُوا لَنُبَوِّئَنَّهُمْ فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً ۖ وَلَأَجْرُ الْآخِرَةِ أَكْبَرُ ۚ لَوْ كَانُوا يَعْلَمُونَ ﴿٤١﴾

42 Para kang padha sabar sarta marang Pangérané padha sumarah.

الَّذِينَ صَبَرُوا وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ﴿٤٢﴾

43 Lan Ingsun ora angutus (sapa-sapa) ing sadurungira, kajaba para wong lanang, kang padha Ingsun wedhari sabda – mulané padha takona para pandhèrèking Pépéling, manawa sira padha ora weruh –[1369]

وَمَا أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ إِلَّا رِجَالًا نُّوحِي إِلَيْهِمْ ۚ فَاسْأَلُوا أَهْلَ الذِّكْرِ إِن كُنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ﴿٤٣﴾

a. 527 44 Kalawan bukti-bukti kang terang sarta layang-layang;[a] lan Ingsun anurunaké Pépéling marang

بِالْبَيِّنَاتِ وَالزُّبُرِ ۗ وَأَنزَلْنَا إِلَيْكَ الذِّكْرَ

padha murang-yekti," sarta ing 14: 27 kasebutaken makaten: "Lan Allah anasaraké wong-wong kang atindak dudu." Dados, nadyan panyuraos satunggalipun ingkang dipun anggé, tetembungan wau inggih namung ateges bilih para ingkang sami atindak dédé lan ingkang sami murang-yekti boten sami angsal pitedah, من يضل lajeng dipun jarwani *wong kang pinancasan kesasar.*

1368. Punika piweca ingkang cetha piyambak ingkang mecakaken Hijrahipun para Muslimin ingkang sami ngungsi nilar padununganipun margi saking panganiayanipun titiyang Quraisy. Ingkang kajanjèkaken dhateng para titiyang wau boten namung ganjaran ing akhirat kémawon, nanging ugi *padunungan ingkang saé ing donya punika*. Punapa ingkang dipun karsakaken dhawuh punika namung Hijrahipun para Muslimin dhateng Habasyah thok punapa hijrahipun para Muslimin dhateng Madinah, ingkang kalampahanipun nalika ngajengaken bidhalipun Kanjeng Nabi, sami kémawon tumrap prakawis satunggal, inggih punika: para ingkang sami ngungsi nilar padununganipun kalayan kawelas-asih, saha kaancam babaya gesangipun, punika sami kaparingan janji ingkang terang gamblang manawi sami badhé manggih kamulyan ing gesang sapunika, sarta janji punika kanyataan saèstu, sanajan inggih mawi peperangan punapa lumawan bangsa ingkang kiyat, ingkang sami manunggil saéka-kapti badhé anumpes Islam. Kacariyos, saben Bagéndha 'Umar nyukani punapa-punapa dhateng tiyang ingkang badhé Hijrah, panjenenganipun mawi ngandika makaten. "Tampanana iki – muga-muga Allah ambarkahi kowé! Iki kang dijanjèkaké Allah marang kowé kang tumrap ing urip saiki iki, déné kang tumrap kowé besuk ing akhirat iku luwih déning gedhé manèh" (Kf). Sampun cetha ingkang dipun karsakaken Bagéndha 'Umar punika janji ing ayat punika.

1369. Limrahipun اهل الذكر (wantahipun *pandhèrèking Pépéling*) punika dipun suraos para titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani. Pahamipun makaten: para tiyang Quraisy sami kadhawuhan pitaken dhateng para Yahudi lan para Nasrani wau, leres punapa boten bilih namung manusa kémawon, sanès malaikat, ingkang ing kina kautus nampèni wahyuning Pangéran. Nanging nitik ayat candhakipun nyebutaken bilih *dhikr* utawi *Pèpènget* katurunaken dhateng Kanjeng Nabi, punika lajeng anedahaken bilih tembung wau mathukipun tumrap para Muslimin. Nanging sawenèh mufassir inggih wonten ingkang anggadhahi paham tembung wau mengku teges umum, inggih punika para tiyang saged.

لِتُبَيِّنَ لِلنَّاسِ مَا نُزِّلَ إِلَيْهِمْ وَلَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُونَ ﴿٤٤﴾

sira, supaya sira anerangaké marang para manusa apa kang katurunaké marang dhèwèké lan supaya dhèwèké padha mikir-mikira.

أَفَأَمِنَ الَّذِينَ مَكَرُوا السَّيِّئَاتِ أَنْ يَخْسِفَ اللَّهُ بِهِمُ الْأَرْضَ أَوْ يَأْتِيَهُمُ الْعَذَابُ مِنْ حَيْثُ لَا يَشْعُرُونَ ﴿٤٥﴾

45 Lah apa ta para kang padha angragum paékan ala padha rumasa santosa, yèn Allah bakal *angasoraké* dhèwèké ing bumi, utawa yèn siksa bakal anekani dhèwèké saka ngendi-endi kang dhèwèké ora anggraita.[1370]

Ut. *anyir-nakaké*

أَوْ يَأْخُذَهُمْ فِي تَقَلُّبِهِمْ فَمَا هُمْ بِمُعْجِزِينَ ﴿٤٦﴾

46 Utawa Panjenengané amatrapi dhèwèké sajroné padha lulungan; lah ora bakal dhèwèké padha bisa oncat;[1371]

أَوْ يَأْخُذَهُمْ عَلَىٰ تَخَوُّفٍ فَإِنَّ رَبَّكُمْ لَرَءُوفٌ رَحِيمٌ ﴿٤٧﴾

47 Utawa Panjenengané amatrapi dhèwèké kalawan nandhang kalonglongan saka sathithik;[1372] awit sayekti Pangéranira iku temen Welas, Mahaasih.

1370. Ayat punika tuwin kalih ayat candhakipun punika wigatos mangandikakaken siksa ingkang kacalonaken badhé andhawahi para ingkang sami ngrakit gelar kalawisaya kanggé nyédani ing Kanjeng Nabi. Siksa ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat punika inggih punika: dipun untal bumi. Tembung dipun untal bumi punika tembung gagambaran, maksudipun ambrukipun babar pisan panguwaosipun para titiyang wau. *Khasf* ingkang limrahipun dipun jarwani *bengkah* utawi *nguntal*, punika ugi ateges *idhlâl* (TA) jawinipun *andadosaken asor*. Dados يخسف بهم الارض utawi *bumi anguntal dhèwèké* punika tegesipun *kadamel asor wonten ing bumi*. *Khasf* ugi ateges sirnanipun satunggaling barang, kados déné tembung خسوف العين punika tegesipun *mripaté nyuleng*, utawi ambles *dhateng salebeting sirah*, maksudipun *mripat wuta* (S, TA-LL). Dados ukara يخسف بهم الارض punika saged mengku teges piyambakipun sami sirna sadaya saking bumi, inggih punika dumunung piweca sirnanipun babar pisan agami panembah-pangéran-kathah lan kakafiran saking tanah Arab. *Khasafa* ugi ateges cacad utawi nandhang pituna (Q-LL), sarta tembungipun lingga *khasf* ateges *nistha* utawi *ina* (KL-LL), utawi *ngasoraken* utawi *nginakaken ing ngasanès* (Ham-TA-LL), sarta miturut teges punika ukara wau saged mengku teges *Panjenengané andadèkaké dhèwèké padha nandhang pituna*, utawi *ngasoraké dhèwèké ana ing bumi.*

1371. *Taqallub* tegesipun *késah dadagangan* (LL), *awit kalayan sedya punika titiyang kekésahan lan dhateng saking kekésahan awira-wiri* (wantahipun ateges *molak-malik*). Makmuripun titiyang ing Makkah punika margi saking anggènipun sami késah dadagangan dhateng Syria; lah, rèhning Madinah makaten kemargèn dhateng Syria, milanipun para titiyang wau sami nandhang pituna sareng piyambakipun sami merangi para Muslimin ing Madinah, awit peperangan wau lajeng makèwedi anggènipun kekésahan lan anggènipun dadagangan. Dados piweca punika kanyataan wahananipun margi saking pandamelipun para titiyang wau piyambak.

1372. *Takhawwafâ-hu* tegesipun *angelongi saka sathithik* (S, Q, LA-LL). Suraosipun pangandika: para titiyang wau badhé suda kathahipun kalayan sarenti ngantos kakafiran punika sirna babar pisan.

48 Apa ta padha ora andeleng marang samubarang kang wus katitahaké déning Allah? Ayang-ayangé padha ngalih saka tengen lan kiwa, sumungkem marang Allah, kang mangka dhèwèké padha banget asoré.

أَوَلَمْ يَرَوْا إِلَىٰ مَا خَلَقَ اللَّهُ مِن شَيْءٍ
يَتَفَيَّأُ ظِلَالُهُ عَنِ الْيَمِينِ وَالشَّمَائِلِ
سُجَّدًا لِّلَّهِ وَهُمْ دَاخِرُونَ ﴿٤٨﴾

49 Lan marang Allah (piyambak) anggoné sumungkem samubarang ing langit-langit lan samubarang ing bumi kayata gegremet, lan (mangkono uga) para malaikat, lan padha ora gumedhé.

وَلِلَّهِ يَسْجُدُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي
الْأَرْضِ مِن دَابَّةٍ وَالْمَلَائِكَةُ وَهُمْ
لَا يَسْتَكْبِرُونَ ﴿٤٩﴾

Ar. *ing sadhuwuré dhèwèké*
a. 987

50 Padha wedi ing Pangérané *Ingkang-Mahaluhur* sarta padha anglakoni apa kang kaparéntahaké.[a]

يَخَافُونَ رَبَّهُم مِّن فَوْقِهِمْ وَيَفْعَلُونَ
مَا يُؤْمَرُونَ ۩ ﴿٥٠﴾ السجدة

RUKU' 7

Dumadosing manusa punika angemohi manembah-pangéran-kathah

51-55. Ing salebeting susah manusa angidhep ing Allah. 56. Sasaji kamusyrikan. 57-59. Sami anganggep Allah aputra èstri. 60. Laré èstri kependhem gesang-gesangan.

51 Lan Allah wus angandika: Aja padha angalap sesembahan loro, Panjenengané iku mung Sesembahan sawiji; mulané mung marang Ingsun kuduné wedinira.

وَقَالَ اللَّهُ لَا تَتَّخِذُوا إِلَٰهَيْنِ اثْنَيْنِ ۖ
إِنَّمَا هُوَ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ ۖ فَإِيَّايَ فَارْهَبُونِ ﴿٥١﴾

52 Lan samubarang ing langit-langit lan bumi iku kagungan-É, apa déné pambangun turut kang tetep iku konjuk Panjenengané; lah apa ta sira mrayitnani (siksané) saliyané Allah?

وَلَهُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَلَهُ
الدِّينُ وَاصِبًا ۚ أَفَغَيْرَ اللَّهِ تَتَّقُونَ ﴿٥٢﴾

Lah punika wujudipun siksa ingkang andhawahi para mengsahipun Kanjeng Nabi. Sirnanipun para titiyang wau tuwin icaling panguwaosipun, kados déné ingkang kapangandikakaken wonten ing kalih ayat ingkang sampun, punika kalampahanipun kalayan sarenti, boten sami sanalika, supados manawi para titiyang wau nyumerapi piweca kanyataan wahananipun lajeng purun nampèni yakti. Dados para titiyang wau sami dipun rengkuh kalayan saé lan kalayan asih, kados déné ingkang kawengku wonten ing sifatipun Pangéran warni kalih ingkang kasebut wonten ing wekasanipun surat punika.

53 Lan sabarang nugraha kang (kaparingaké) ing sira, lah iku saka ing Allah, sabanjuré, samangsa rekasa angenani sira, lah marang Panjenengané panyuwunira pitulung.

وَمَا بِكُمْ مِّنْ نِّعْمَةٍ فَمِنَ اللّٰهِ ثُمَّ إِذَا مَسَّكُمُ الضُّرُّ فَإِلَيْهِ تَجْـَٔرُوْنَ ۚ ﴿٥٣﴾

54 Sabanjuré, samangsa Panjenengané wus ambirat rekasa iku saka ing sira, lah ing kono sira kang sapantha padha anjèjèri sekuthon ing Pangérané.[1373]

ثُمَّ إِذَا كَشَفَ الضُّرَّ عَنْكُمْ إِذَا فَرِيْقٌ مِّنْكُمْ بِرَبِّهِمْ يُشْرِكُوْنَ ۙ ﴿٥٤﴾

Ut. *ora atur panuwun*

55 Supaya dhèwèké padha *angafiri* marang barang paparing-Ingsun ing dhèwèké; lah padha sira seneng-senenga, amarga sira bakal énggal padha weruh.

لِيَكْفُرُوْا بِمَآ اٰتَيْنٰهُمْ ۗ فَتَمَتَّعُوْا ۗ فَسَوْفَ تَعْلَمُوْنَ ﴿٥٥﴾

56 Lan dhèwèké padha amisungsungaké sapéranganė paparing-Ingsun ing dhèwèké marang barang kang dhèwèké padha ora weruh.[1374] Dhemi Allah, temen sira bakal dinangu prakara barang kang padha sira anggo gawé-gawé goroh.

وَيَجْعَلُوْنَ لِمَا لَا يَعْلَمُوْنَ نَصِيْبًا مِّمَّا رَزَقْنٰهُمْ ۗ تَاللّٰهِ لَتُسْـَٔلُنَّ عَمَّا كُنْتُمْ تَفْتَرُوْنَ ﴿٥٦﴾

57 Lan dhèwèké padha nganggep, manawa Allah iku kagungan putra putri-putri; Mahasuci Panjenenganė; déné tumrap awaké dhéwé (dhèwèké padha kumudu duwé) apa kang dikapéngini.

وَيَجْعَلُوْنَ لِلّٰهِ الْبَنٰتِ سُبْحٰنَهٗ ۙ وَلَهُمْ مَّا يَشْتَهُوْنَ ﴿٥٧﴾

58 Lan nalika dhèwèké salah siji diwènèhi pawarta bubungah (arupa lahiré) anak wadon, rainé peteng sarta dhèwèké kebak anawung bendu.

وَإِذَا بُشِّرَ أَحَدُهُمْ بِالْأُنْثٰى ظَلَّ وَجْهُهٗ مُسْوَدًّا وَّهُوَ كَظِيْمٌ ۚ ﴿٥٨﴾

1373. Bokmanawi ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika babaya alit-alit, kadosta pahilan lan sasaminipun.

1374. Inggih punika kasadhiyakaken tumrap brahala-brahala utawi sesembahan-sesembahanipun, ingkang margi saking kabodhoanipun kaanggep dados juru-pantawis.

59 Andhelik (sumingkir) saka wong-wong, amarga barang bubungah kang diwartakaké kang awujud ala iku. Apa ta iki arep dilastarèkaké kalawan nandhang ina, apa ta arep dipendhem ing lemah (urip-uripan)? O, la, temen ala pancasané.[1375]

يَتَوَارٰى مِنَ الْقَوْمِ مِنْ سُوْٓءِ مَا
بُشِّرَ بِهٖ ؕ اَيُمْسِكُهٗ عَلٰى هُوْنٍ اَمْ
يَدُسُّهٗ فِى التُّرَابِ ؕ اَلَا سَآءَ مَا يَحْكُمُوْنَ ﴿۵۹﴾

60 Para kang padha ora angèstu ing akhirat kadunungan sifat ala, lan sifat kang linuhung iku kagungané Allah; lan Panjenengané iku Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Wicaksana.

لِلَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ مَثَلُ السَّوْءِ ۚ
وَلِلّٰهِ الْمَثَلُ الْاَعْلٰى ؕ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ﴿۶۰﴾

RUKU' 8

Anggènipun atindak dédé para ingkang angemohi

61. Boten sadaya tindak dédé dipun patrapi. 62. Sami anyifati Allah kalawan punapa ingkang awakipun piyambak sengit. 63. Sétan punika anasaraken. 64, 65. Wedharing sabda punika wilasa.

Ar. *kono*
a. 2063

61 Lamun Allah iku anglebura para manusa amarga saka anggoné atindak dudu, ing *bumi* ora bakal ana titah[a] siji sing Dikarsakaké kari, ananging padha Diparingi sumené tumeka mangsa kang tinamtu; lah samangsa wus tumeka mangsané, ora bakal kena disumenèkaké saejam sarta ora kena diajokaké.

وَلَوْ يُؤَاخِذُ اللّٰهُ النَّاسَ بِظُلْمِهِمْ مَّا تَرَكَ
عَلَيْهَا مِنْ دَآبَّةٍ وَّلٰكِنْ يُّؤَخِّرُهُمْ اِلٰٓى
اَجَلٍ مُّسَمًّى ۚ فَاِذَا جَآءَ اَجَلُهُمْ لَا
يَسْتَاْخِرُوْنَ سَاعَةً وَّلَا يَسْتَقْدِمُوْنَ ﴿۶۱﴾

62 Lan dhèwèké padha anganggep ing Allah apa kang awaké dhéwé sengit,[1376] sarta lisané padha

وَيَجْعَلُوْنَ لِلّٰهِ مَا يَكْرَهُوْنَ وَتَصِفُ

1375. Ingkang dipun karsakaken inggih punika tata-cara biadhab mendhem gesang-gesangan laré èstri ingkang kelimrah wonten ing antawisipun bangsa Arab, langkung-langkung wonten ing antawisipun para pangageng-pangagengipun, ingkang margi saking barkahipun Islam tata-cara wau saged sirna. Tanpa mawi kabiyantu panguwaos lahir utawi panguwaosing pepréntahan minangka daya pamaksa, sabdanipun Allah karasa anyirnakaken tata-cara ingkang sampun lebet ngoyodipun wau ngantos tapis kados dipun sulap, ngantos boten wonten satunggal kémawon prakawis mendhem laré èstri gesang-gesangan ingkang kalampahan ing sasampunipun wonten sabda awisan wau. Piyambakipun sami kadhawuhan migatosaken anggènipun acecengkahan pangakenipun lahir kaliyan kayakinaning manahipun wonten ing ayat 62; mirsanana 1376.

1376. Ingkang dipun karsakaken inggih punika anggènipun sami nyifati Allah puputra èstri,

angandhakaké goroh yèn dhèwèké bakal olèh kang becik; ora kena ora, temen, yèn padha olèh bubuhan geni sarta bakal padha didhisikaké.

أَلْسِنَتُهُمُ الْكَذِبَ أَنَّ لَهُمُ الْحُسْنَىٰ ۖ
لَا جَرَمَ أَنَّ لَهُمُ النَّارَ وَأَنَّهُم مُّفْرَطُونَ ﴿٦٢﴾

63 Dhemi Allah, sayekti temen Ingsun wus angutus (utusan-utusan) marang para bangsa-bangsa ing sadurungira, ananging sétan amaès-maèsi panggawé-panggawéné tumrap dhèwèké; mulané ing
Ar. *dhèwèké* saiki *si sétan* pangayomané, lan bakal padha olèh siksa kang nglarani.

تَاللَّهِ لَقَدْ أَرْسَلْنَا إِلَىٰ أُمَمٍ مِّن قَبْلِكَ
فَزَيَّنَ لَهُمُ الشَّيْطَانُ أَعْمَالَهُمْ فَهُوَ
وَلِيُّهُمُ الْيَوْمَ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٦٣﴾

64 Lan anggon-Ingsun anurunaké Kitab marang sira, iku ora liya kajaba supaya sira anerangna marang dhèwèké tumrap prakara kang ing kono dhèwèké padha apasulayan, apa déné minangka tuntunan lan wilasa tumrap wong-wong kang padha angèstu.

وَمَا أَنزَلْنَا عَلَيْكَ الْكِتَابَ إِلَّا لِتُبَيِّنَ
لَهُمُ الَّذِي اخْتَلَفُوا فِيهِ ۙ وَهُدًى
وَرَحْمَةً لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٦٤﴾

65 Lan Allah iku wus anurunaké banyu saka mendhung, tumuli iku dianggo anguripaké bumi sawisé matiné;[1377] sayekti ing kono temen ana tandha tumrap wong-wong kang padha angrungokaké.

وَاللَّهُ أَنزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَحْيَا
بِهِ الْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ
لَآيَةً لِّقَوْمٍ يَسْمَعُونَ ﴿٦٥﴾

RUKU' 9

Sanépa-sanépa ingkang anedahaken nyatanipun Wahyuning Pangéran

66. Sanépanipun puwan. 67. Sanépanipun anggur. 68,69. Sanépanipun tawon. 70. Kawruh punika angsalipun saking anglempakaken sarta wawasanipun ical.

---

mangka piyambakipun piyambak boten seneng manawi gadhah anak èstri. Ingkang makaten punika anedahaken boten cocogipun pangakening lésanipun bilih sami angèstu ing Pangéran, kaliyan kayakinaning manahipun.

1377. *Toya saking langit* punika cetha manawi *wahyuning Pangéran,* kados déné ingkang ugi kacetha wonten ing ayat ingkang sampun. Bumi pejah punika karisakanipun, kagesangaken punika gesangipun malih ruhaninipun, ingkang tandha-tandhanipun ingkang angéram-éramaken sampun gumelar wonten ing tanah Arab.

66 Lan sayekti, ing dalem rajakaya, temen ana wuwulang tumrap ing sira; Ingsun aparing ngombé ing sira saka barang kang ana ing sajroning wetengé – saka ing antarané taléthong lan getih – (yaiku) puwan kang resik, gumalenggeng tumrap para wong kang ngombé.

وَإِنَّ لَكُمْ فِي الْأَنْعَامِ لَعِبْرَةً ۖ نُّسْقِيكُم
مِّمَّا فِي بُطُونِهِ مِن بَيْنِ فَرْثٍ وَدَمٍ
لَّبَنًا خَالِصًا سَائِغًا لِّلشَّارِبِينَ ﴿٦٦﴾

67 Lan saka wohing kurma lan anggur – saka ing kono sira bisa olèh sajeng sarta rijeki kang becik; sayekti, ing kono iku temen ana tandha tumrap wong-wong kang padha ngangen-angen.[1378]

وَمِن ثَمَرَاتِ النَّخِيلِ وَالْأَعْنَابِ
تَتَّخِذُونَ مِنْهُ سَكَرًا وَرِزْقًا حَسَنًا ۗ
إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً لِّقَوْمٍ يَعْقِلُونَ ﴿٦٧﴾

68 Sarta Pangéranira aparing wewedhar marang tawon, sabda-Né: Sira gawéa omah ing gunung-gunung lan ing wit-witan apa déné ing yayasané:

وَأَوْحَىٰ رَبُّكَ إِلَى النَّحْلِ أَنِ اتَّخِذِي
مِنَ الْجِبَالِ بُيُوتًا وَمِنَ الشَّجَرِ
وَمِمَّا يَعْرِشُونَ ﴿٦٨﴾

1378. Ayat punika tuwin ayat ingkang sampun, punika semunipun ingkang kasedya wigatos nandhing antawising angger-anggeripun Pangéran ingkang gumelar wonten ing sagung titah kaliyan barang dadamelanipun manusa. Tetedhan ingkang migunani tur ingkang miraos kados déné puhan ingkang murni, punika wontenipun margi saking makardinipun angger-anggering Pangéran ingkang gumelar wonten ing sagung titah punika, inggih ingkang nyaring tetedhan wau ngantos saged pilah kaliyan anasir sanès-sanèsipun – rah lan tléthong – ingkang sadaya wau asal saking tetedhan ingkang dumunung wonten irg wadhuking lembu, ménda, utawi kéwan sanès-sanèsipun. Dados, mahamurahipun Pangéran kawasa amilahaken antawising anasir ingkang suci-murni kaliyan rereged, ingkang tanganing manusa boten saged anindakaken. Kosokwangsulipun, rejeki ingkang kalangkung miraos asli paparingipun Pangéran awujud wowohan, déning tanganing manusa dipun ulah dados ombèn-ombèn ingkang ngemu wisa kadosta sajeng. Dados gagambaran warni kalih wau wigatos anedahaken bilih makardining angger-anggeripun Pangéran wonten ing alam wadhag punika saged anuwuhaken tetedhan ingkang sakalangkung déning murni lan miraos, ingkang sampun kasaring kapilahaken anasir-anasiripun ingkang ambabayani lan reregedipun ingkang boten amigunani; lah makaten ugi makardining angger-anggeripun Pangéran wonten ing alam ruhani, saged anuwuhaken piwulang budipakerti ingkang kalangkung luhur nanging gampil katindakaken, ingkang lajeng dados tetedhan ruhani ingkang suci murni saha miraos tumrap manusa. Nanging piwulang adiluhung ingkang kaparingaken déning wahyuning Pangéran, punika adhakanipun dipun risak déning tanganing manusa, lah inggih kados déné wowohan ingkang saé dipun dadosaken barang ingkang boten éca raosipun tur ambabayani kados déné sajeng punika, mangka saupami dipun reksaa lastantun wonten ing kawontenanipun ingkang asli saged dipun alap dados rejeki ingkang linuhung. Menggah ing sajatos-jatosipun, gagambaran ingkang kaping kalih wau anerangaken kados pundi anggèning manusa ambibrah piwulanging wahyunipun Pangéran ingkang suci murni, ingkang awit saking punika manusa boten kénging dipun andelaken saged damel piwulang budipekerti ingkang luhur saha tatanan kasusilan ingkang adiluhung. Ngemungaken angger-anggeripun Pangéran ingkang makardi wonten ing alam ruhani kémawon, inggih punika wahyunipun Pangéran, ingkang kawasa maringi manusa piwulang budipekerti ingkang murni, sarta maringi tetedhan ruhani kados déné puhan dados tetedhanipun manusa tumrap wadhagipun.

69 Tumuli mamangana sira saka sarupaning wowohan, banjur lumakua ing dadalané Pangéranira kalawan andhap asor. Saka ing wetengé metu ombèn-ombèné rupa-rupa warnané, ing kono ana tambané tumrap para manusa. Sayekti ing kono iku temen ana tandha tumrap wong-wong kang para mikir.[1379]

ثُمَّ كُلِي مِن كُلِّ الثَّمَرَاتِ فَاسْلُكِي
سُبُلَ رَبِّكِ ذُلُلًا ۚ يَخْرُجُ مِن بُطُونِهَا
شَرَابٌ مُّخْتَلِفٌ أَلْوَانُهُ فِيهِ شِفَاءٌ
لِّلنَّاسِ ۗ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً لِّقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ ﴿٦٩﴾

70 Lan Allah iku wus anitahaké sira, tumuli Panjenengané agawé patinira, lan sawenèhira ana kang dibalèkaké marang asor-asoré pérangané umur, nganti ora weruh apa-apa sing mauné wis weruh; sayekti Allah iku Angudanèni, Kawasa.[1380]

وَاللَّهُ خَلَقَكُمْ ثُمَّ يَتَوَفَّاكُمْ ۚ وَمِنكُم مَّن
يُرَدُّ إِلَىٰ أَرْذَلِ الْعُمُرِ لِكَيْ لَا يَعْلَمَ بَعْدَ
عِلْمٍ شَيْئًا ۚ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ قَدِيرٌ ﴿٧٠﴾

1379. Punika gagambaran malih ingkang anedahaken bilih wahyuning Pangéran saged andumugèkaken sedya, ingkang boten saged kagayuh namung sarana pambudi-dayanipun manusa kémawon. Tumrap ing ngriki katerangaken bilih angger-anggering kudrat makardi wonten ing tawon, nglempakakaken sarining sesekaran ingkang moncawarni, lajeng kadadosaken maben. Punapa ingkang katindakaken déning sato ingkang alit punika, tur ingkang anggènipun tumindak namung anut kudrat dumadosipun (*instinct*), lugu namung anetepi angger-anggeripun Pangéran, boten saged katindakaken déning manusa, nadyan silih manusa sadaya angetog kagunanipun ingkang ngantos dikados punapa kémawon. Gagambaran saking alam wadhag makaten wau anggènipun kawarsitakaken kanggé anedahaken, bilih angger-anggering Pangéran ingkang saémper kados makaten wau inggih makardi wonten ing alaming ruhani, inggih punika: Kanjeng Nabi, ingkang anggènipun tumindak inggih kénging winastan namung lugu anetepi angger-anggeripun Pangéran ingkang makardi wonten ing alaming ruhani lan budipekerti, punika asarana Wahyuning Pangéran anglempakakaken piwulang-piwulang ingkang saé piyambak lan linuhung ingkang pinanggih wonten ing sadhéngah agami, sarta lajeng karingkes wonten ing Quran Suci. Pakaryan makaten punika tangèh lamun saged katindakaken manusa, manawi namung sarana pambudi-dayanipun manusa piyambak. Lah inggih awit saking punika déné Quran punika kapangandikakaken wonten ing 98: 3: "ing jeroné isi sakèhing kitab kang bener." Maksudipun badhé anerangaken bilih Quran Suci, inggih klempakanipun sadaya piwulang budipekerti ingkang luhur lan adiluhung, punika namung saged dipun damel déning Pangéran, manusa tangèh lamun saged damel. Boten prabéda lan ing ngriki kapangandikakaken maben gadhah sisifatan dados usada, lah makaten ugi ing 17: 82 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun Quran kasebut usada. Perlu dipun pèngeti bilih Quran anyebutaken *wahyu* (wantahipun ateges *wahyu* utawi *ilhaming Pangéran*) punika wonten warni gangsal, inggih punika: satunggal, wahyu ingkang kaparingaken dhateng barang-barang ingkang boten asifat gesang, kadosta *bumi* ingkang kasebutaken wonten ing 99: 5; kalih, wahyu ingkang kaparingaken dhateng titah ingkang asifat gesang sanèsipun manusa, kadosta *tawon*; tiga, wahyu ingkang kaparingaken dhateng titiyang jaler lan titiyang èstri sanès nabi, kadosta para sahabatipun Kanjeng Nabi 'Isa kasebut ing 5: 111 tuwin ingkang ibu Kanjeng Nabi Musa kasebut ing 28: 7; sakawan, wahyu ingkang kaparingaken dhateng para nabi lan para rasul; gangsal, wahyu ingkang kaparingaken dhateng para malaikat. Kedah dipun èngeti bilih wahyu ingkang warni-warni wau sadaya boten sami kawontenanipun, minangka tuladha: tumrap tawon, *instinct* (raos kudratipun) punika

1380. *Mirsanana kaca candhakipun.*

RUKU' 10

Sinten ingkang pinilih anampeni Wahyuning Pangéran

71, 72. Undha-usuking kaluwihan. 73, 74. Para ingkang angawulani sanésipun Allah. 75, 76. Pipindhan ingkang anedahaken, bilih ingkang saged kepilih punika namung titiyang ingkang utami.

71 Lan Allah iku angluwihaké sawenèhira angungkuli sawenéhé ing dalem prakara rijeki; ananging para kang padha diluwihaké, ora (banjur) amèwèhaké rijekiné marang apa kang kadarbé ing tangané tengen, kang supaya dhèwèké kabèh ing dalem prakara iku (banjur) dadi padha; lah apa ta nugrahaning Allah dhèwèké (banjur) padha angemohi?[1381]

وَاللّٰهُ فَضَّلَ بَعْضَكُمْ عَلٰى بَعْضٍ فِى الرِّزْقِۚ فَمَا الَّذِيْنَ فُضِّلُوْا بِرَآدِّىْ رِزْقِهِمْ عَلٰى مَا مَلَكَتْ اَيْمَانُهُمْ فَهُمْ فِيْهِ سَوَآءٌۚ اَفَبِنِعْمَةِ اللّٰهِ يَجْحَدُوْنَ ﴿٧١﴾

72 Lan Allah wus anggawèkaké jodho sira saka ing awakira,[1382]

وَاللّٰهُ جَعَلَ لَكُمْ مِّنْ اَنْفُسِكُمْ اَزْوَاجًا

wahyunipun Pangéran ingkang kaparingaken dhateng tawon. Wahyu ingkang kaparingaken dhateng para andika nabi, punika awujud sabda ingkang amedharaken karsaning Pangéran kanggé anuntun para manusa.

1380. Boten prabéda lan tumrap tiyang satunggal-satunggal, lah makaten ugi tumrapipun umat-umat. Para titiyang ing sadèrèngipun Kanjeng Nabi sampun kaparingan kawruh bab wahyuning Pangéran, ing nalika jaman rawuhipun Kanjeng Nabi sami kécalan utawi sami angrisak wahyuning Pangéran wau. Awit saking punika mila wahyuning Pangéran ingkang énggal kabetahaken sanget.

1381. Ayat punika anerangaken béda-bédaning kawontenan wonten ing alam wadhag saha paring wangsulan panyuwunipun para titiyang kafir ingkang kasebut wonten ing panggènan sanès (6: 125) ingkang mungel makaten: "Aku ora padha angèstu nganti manawa aku iya padha kaparingan padhané apa kang kaparingaké marang para utusané Allah," kajengipun nyuwun dipun sami wewenangipun kaliyan para andika nabi, sami déné nampèni wahyunipun Pangéran. Awit saking punika lajeng katerangaken, ing alam wadhag saged tiningalan sawenèh tiyang wonten ingkang kaparingan kasugihan langkung katimbang tiyang sanès-sanèsipun, kosokwangsulipun inggih wonten tiyang ingkang kawengku ing tiyang – "kang dimiliki tanganira tengen" – ingkang boten gadhah punapa-punapa, ingkang kanggé nyampedi kabetahanipun kapeksa gumantung dhateng pitulunganing ngasanès, sanajan ta sami déné awratipun anggènipun nyambut damel; lah makaten ugi wonten ing alaming ruhani inggih wonten kawontenan ingkang béda-béda, awit manusa punika sadaya boten sami, boten sadaya pantes nampèni paparingipun Pangéran wahyu. Inggih prakawis punika ingkang kasasmitakaken wonten ing wekasaning ayat; *nugruhaning Allah*, inggih punika *wahyuning Pangéran*, punika kedah boten dipun emohi namung margi saking boten sadaya tiyang racak sami nampèni wahyu wau.

1382. Ayat punika mratélakaken bilih sadaya tiyang sami kaparingan sémah ingkang katitahaken saking *anfus*-ipun (ingkang wantahipun ateges *jiwa* utawi *awakipun*). Boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang nafsiri tetembunganipun ayat punika mawi katrangan nyebal ing kalimrahan, kados déné ingkang sok dipun anggé naksiri (tur kalayan boten leres) tetembungan saminipun punika ingkang tumrap Adam; inggih punika: tembung *jiwa* utawi *awak* dipun santuni tembung *iga wekas*. Dipun waspadakna, tetembunganipun Quran boten mathuk manawi dipun tafsiri mawi katrangan ingkang nyebal ing kudrat makaten wau, ingkang menggah ing sajatos-jatosipun punika adhadhasar cariyos Bébel ing Purwaning Dumados.

Ut. *putu*

sarta amaringi sira anak lanang lan *anak wadon* saka ing bojonira, apa déné angrijekèni sira arupa barang kang becik-becik; apa ta marang barang goroh banjur padha angèstu sarta marang nugrahaning Allah padha angafiri?[1383]

وَّجَعَلَ لَكُمْ مِّنْ أَزْوَاجِكُمْ بَنِينَ وَحَفَدَةً
وَّرَزَقَكُمْ مِّنَ الطَّيِّبَاتِ ۚ أَفَبِالْبَاطِلِ
يُؤْمِنُونَ وَبِنِعْمَتِ اللَّهِ هُمْ يَكْفُرُونَ ﴿٧٢﴾

73 Lan dhèwèké padha ngawulani saliyané Allah, kang babar pisan ora angawasani rijeki tumrap dhèwèké saka ing langit-langit lan bumi sarta ora bisa apa-apa.

وَيَعْبُدُونَ مِن دُونِ اللَّهِ مَا لَا يَمْلِكُ
لَهُمْ رِزْقًا مِّنَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ
شَيْئًا وَّلَا يَسْتَطِيعُونَ ﴿٧٣﴾

74 Mulané aja sira padha agawé pipindhan tumrap ing Allah; sayekti Allah iku angudanèni lan sira iku padha ora weruh.

فَلَا تَضْرِبُوا لِلَّهِ الْأَمْثَالَ ۚ إِنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ
وَأَنتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ﴿٧٤﴾

75 Allah adamel pipindhan sawijining kawula tukon, darbèké sawijining wong (kang) ora duwé pangawasa apa-apa, sarta sawijining wong, kang Ingsun paringi rijeki saka ngarsa-Ningsun rijeki kang becik, lah iku dhèwèké ananjakaké kalawan sidheman sarta kalawan ngeblak; apa ta sakaroné iku padha?[1384] (Sakèhing) pangalembana kagunganing Allah! Ananging sing akèh-akèh dhèwèké padha ora weruh.

ضَرَبَ اللَّهُ مَثَلًا عَبْدًا مَّمْلُوكًا لَّا
يَقْدِرُ عَلَىٰ شَيْءٍ وَّمَن رَّزَقْنَاهُ مِنَّا رِزْقًا
حَسَنًا فَهُوَ يُنفِقُ مِنْهُ سِرًّا وَّجَهْرًا ۖ
هَلْ يَسْتَوُونَ ۚ الْحَمْدُ لِلَّهِ ۚ بَلْ
أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٧٥﴾

1383. Piyambakipun sami gadhah kapitadosan gugon-tuhon bilih brahala-brahala, inggih barang-barang ingkang boten gesang, punika saged dados juru-pantawis antawisipun manusa kaliyan Allah, sarta sami maiben manawi satunggaling tiyang pranyata sampun kaparingan nugruhanipun Allah. Milanipun ayat candhakipun lajeng mangandikakaken bab brahala-brahala.

1384. *Kawula* ing ngriki tegesipun *para manembah-brahala*. Piyambakipun punika miturut kaparenging karsanipun Pangéran dados gustinipun brahala-brahala wau, séla-séla lan barang-barang bangsanipun punika; nanging piyambakipun jebul malah milaur dados kawulanipun, sujud dhateng sadaya wau, saha anggadhahi panganggep sadaya wau langkung kuwaos katimbang awakipun piyambak. Déné tiyang ingkang kaparingan rejeki ingkang saé déning Allah, punika tegesipun tiyang ingkang nampèni wahyunipun Pangéran, inggih punika Kanjeng Nabi. Tatandhingan punika wigatos kanggé anedahaken bilih para manembah-brahala punika ing wasananipun badhé kécalan sadaya panguwaosipun. Mirsanana sanépaning ayat candhakipun, ingkang saya anyethakaken bab punika. Tetembunganipun ayat punika ngumandhang wonten ing atur wangsulanipun Abu Sufyan, nalika piyambakipun dipun dangu Kanjeng Nabi ing kalanipun kitha Makkah bedhah: “Apa durung tekan

76 Lan Allah agawé pipindhan wong lanang loro: kang siji bisu, ora bisa apa-apa lan dhèwèké dadi gawéning bandarané; dhèwèké dikongkon menyang ngendia baé, ora ngolèhaké becik; apa ta kena dianggep padha dhèwèké iku karo wong kang maréntahaké prakara kang ngadil sarta awaké (dhéwé iya) manggon ing dalan kang bener?[1385]

وَضَرَبَ اللّٰهُ مَثَلًا رَّجُلَيْنِ اَحَدُهُمَآ
اَبْكَمُ لَا يَقْدِرُ عَلٰى شَيْءٍ وَّ هُوَ كَلٌّ عَلٰى
مَوْلٰىهُ ۙ اَيْنَمَا يُوَجِّهْهُّ لَا يَاْتِ بِخَيْرٍ ۗ
هَلْ يَسْتَوِيْ هُوَ ۙ وَمَنْ يَّاْمُرُ بِالْعَدْلِ ۙ
وَ هُوَ عَلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ﴿٧٦﴾

RUKU' 11

Pidana dipun tahan

77-79. Allah anahan pidana. 80-83. Wilasa-Nipun saha lubèring paparing-Ipun.

77 Lan kagunganing Allah sasandining langit-langit lan bumi iku; wondéné prakara wayahé, iku mung prasasat kumedhèping mripat, utawa luwih cedhak; sayekti Allah iku marang samubarang kawasa.[1386]

وَلِلّٰهِ غَيْبُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ وَمَآ
اَمْرُ السَّاعَةِ اِلَّا كَلَمْحِ الْبَصَرِ اَوْ هُوَ
اَقْرَبُ ۗ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٧٧﴾

78 Lan Allah iku anglairaké sira saka ing guwagarbaning para biyungira – sira ora weruh barang-barang – sarta Panjenengané maringi pangrungu lan pandeleng apa déné ati marang sira, supaya sira padha atur panuwun.

وَ اللّٰهُ اَخْرَجَكُمْ مِّنْ بُطُوْنِ اُمَّهٰتِكُمْ لَا
تَعْلَمُوْنَ شَيْـًٔا ۙ وَّ جَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْاَبْصَارَ
وَالْاَفْـِٕدَةَ ۙ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ﴿٧٨﴾

mangsané kowé weruh temenan manawa ora ana pangéran kajaba mung Allah?" Atur wangsulanipun Abu Sufyan: "Dhemi Allah, kula ing sapunika yakin saupami inggih wonten pangéran sanèsipun Allah, yekti migunani dhateng kula boten kètang sakedhik."

1385. Sanépa punika inggih wigatos nandhing kados ing ayat ingkang sampun. Wonten ing ayat punika ingkang kamaksud saya cetha. *Tiyang ingkang kaparingan rejeki ingkang saé déning Allah ing ayat ingkang sampun, ing ayat punika kalayan ceplos kasebut tiyang ingkang ajak-ajak dhateng adil lan tiyang ingkang dumunung wonten ing margi ingkang leres, déné para manembah-brahala kasebut tiyang ingkang boten saged nindakoken punapa-punapa lan tiyang ingkang tansah boten angsal damel sadaya ingkang dipun tandangi*. Lah, punika satunggaling sasmita ingkang mecakaken badhé kawonipun lan remukipun para manembah-brahala.

1386. *Gaib* (barang ingkang boten satmata) ing ngriki ateges *nyumerepi gaib*, utawi nyumerepi kanyataanipun saèstu wahananing piweca-piweca. Déné *sa'at* (mangsané) ing ngriki ateges *wekdal leburipun* para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, inggih punika wekdal sirnanipun babar pisan panguwaosipun. Para titiyang wau sami kapangandikan bilih ingkang makaten wau tumunten badhé kaleksanan kalayan sampurna, kalampahanipun langkung énggal katimbang lan panginten-intenipun, awit para titiyang wau sami nginten manawi ingkang makaten wau mokal saged kalampahan.

79 Apa padha ora andeleng marang manuk kang katetep ana ing tengahing awang-awang? Iku ora ana kang bisa nahan kajaba Allah; sayekti, ing kono iku ana tandha-tandha tumrap wong kang padha angèstu.[1387]

أَلَمْ يَرَوْا إِلَى الطَّيْرِ مُسَخَّرَاتٍ فِي جَوِّ
السَّمَاءِ مَا يُمْسِكُهُنَّ إِلَّا اللَّهُ إِنَّ فِي
ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ٧٩

80 Lan Allah wus andadékaké omah-omahira minangka padunungan tumrap ing sira sarta andadèkaké walulanging raja-kaya minangka omah tumrap ing sira, kang ènthèng gawan-gawanané ing dina lunganira lan ing dina lèrènira, apa déné (Panjenengané wus andadèkaké) wuluné lan wuluné lembut sarta rambuté minangka rerengganing omah tuwin pasadhiyan sawatara mangsa.

وَاللَّهُ جَعَلَ لَكُمْ مِنْ بُيُوتِكُمْ سَكَنًا
وَجَعَلَ لَكُمْ مِنْ جُلُودِ الْأَنْعَامِ بُيُوتًا
تَسْتَخِفُّونَهَا يَوْمَ ظَعْنِكُمْ وَيَوْمَ إِقَامَتِكُمْ
وَمِنْ أَصْوَافِهَا وَأَوْبَارِهَا وَأَشْعَارِهَا
أَثَاثًا وَمَتَاعًا إِلَىٰ حِينٍ ٨٠

81 Lan Allah wus andadèkaké apa kang wus Katitahaké minangka pangéyuban tumrap ing sira sarta wus andadèkaké

وَاللَّهُ جَعَلَ لَكُمْ مِمَّا خَلَقَ ظِلَالًا وَجَعَلَ

1387. Allah anahan peksi-peksi, punika mengku teges bilih Panjenenganipun anahan rumiyin dhumawahing siksa ingkang dados bebahanipun para mengsah, siksa ingkang awujud peperangan-peperangan, ingkang manut piweca boten kénging boten mesthi badhé angelud para titiyang wau ngantos tapis. Paribasan Arab lan kidung Arab sami aneksèni, *peksi-peksi* punika dipun anggep tutwingking wadyabala ingkang menang perang perlu mangsa wangké-wangkénipun mengsah ingkang pating sulayah wonten papan pacampuhan. Kadosta wonten babasan Arab makaten: تبدد بلحمك الطير jawinipun: *muga-muga manuk-manuk ngècèr-ècèr dagingmu*. Babasan punika kanggènipun sawarni angèsotaken, suraosipun "muga-muga wong iku mati lan dagingé muga diocar-acir lan dimangsa manuk" (Majma'ul-Amtsâl déning Maidâni, jilid 1). Kidung-kidung Arab inggih asring nyebutaken punika, satunggal kalih kénging kula sebutaken ing ngriki minangka tuladha. Nabigah ingkang misuwur punika damel gubahan makaten:

اذا ما غدا بالجيش حلق فوقه ∴ عصائب طير تهتدى بعصائب

jawinipun: *Samangsa dhèwèké budhal karo wadyabala, manuk-manak padha lalayangan ana ing sadhuwuré, marga olèh pituduh saka wadyabala mau*. Lah, ing kidung punika peksi-peksi kawarna ngetutaken lampahipun wadyabala ingkang menang perang, kados-kados peksi wau mangertos manawi wadyabala ingkang dipun etutaken wau mesthi saged mejahi mengsahipun, dadosipun peksi-peksi wau saged mangsa wangké. Abu-t-Thayyib nalika ngalembana Muhammad bin Ishaq anggubah kidung makaten: اذالقوا جيشا تيقن انه ∴ من بطن طير تنوفة محشور

Manawa dhèwèké padha tempuk karo sawijining pabarisané wadyabala, dhèwèké banjur yakin yèn anggoné bakal ditangèkaké saka wadhuké manuk Tanufah. Suraosipun: wadyabalaning mengsah sami

لَكُمْ مِّنَ الْجِبَالِ أَكْنَانًا وَّجَعَلَ لَكُمْ
سَرَابِيلَ تَقِيكُمُ الْحَرَّ وَسَرَابِيلَ تَقِيكُمْ
بَأْسَكُمْ ۚ كَذَٰلِكَ يُتِمُّ نِعْمَتَهُ عَلَيْكُمْ
لَعَلَّكُمْ تُسْلِمُونَ ﴿٨١﴾

gunung-gunung minangka pangungsèn tumrap ing sira, apa déné wus aparing sasandhangan marang sira minangka pangreksanira saka ing panas[1388] lan manèh anggon-anggon (kaprajuritan) minangka pangreksanira (ing dalem) perangira; kaya mangkono anggoné Panjenenganè anyampurnakaké nugrahané marang sira, supaya sira padha sumaraha.[1389]

فَإِنْ تَوَلَّوْا فَإِنَّمَا عَلَيْكَ الْبَلَاغُ الْمُبِينُ ﴿٨٢﴾

82 Nanging manawa dhèwèké padha mléngos, lah sasangganira iku mung anekakaké (ayahan) kalawan terang.

يَعْرِفُونَ نِعْمَتَ اللَّهِ ثُمَّ يُنْكِرُونَهَا
وَأَكْثَرُهُمُ الْكَافِرُونَ ﴿٨٣﴾

83 Dhèwèké padha meruhi nugrahaning Allah, iku dhèwèké tumuli anyélaki, lan sing akèh padha ora atur panuwun.

RUKU' 12

Para Nabi sami badhé paring pasaksi lumawan ummatipun

84, 85. Saksi atas satunggal-tunggaling umat. 86-88. Panampik boten saged nulak siksa. 89. Kanjeng Nabi minangka saksi.

وَيَوْمَ نَبْعَثُ مِنْ كُلِّ أُمَّةٍ شَهِيدًا ثُمَّ
لَا يُؤْذَنُ لِلَّذِينَ كَفَرُوا وَلَا هُمْ يُسْتَعْتَبُونَ ﴿٨٤﴾

84 Lan ing dinané Ingsun anjumenengaké sawijining saksi saka siji-sijining umat[1390] banjur ora ana idin diparingaké marang para kang padha kafir sarta ora padha rinilan nyuwun nugraha.

yakin badhé asor prangipun lan badhé kamangsa ing peksi, wadhuking peksi badhé dados kuburanipun, lan ing dinten kiyamat sami badhé dipun tangèkaken saking wadhuk-wadhuk wau.

1388. Saben barang warni kalih ingkang akosokwangsul namung kasebutaken satunggal, punika mesthi nyakup satunggalipun. Upaminipun, manawi ingkang kasebutaken benter, sampun mengku suraos nyakup asrep; manawi ingkang dipun sebut papadhang, pepeteng kecakup, makaten ugi kosokwangsulipun (Mubarrad-Rz). Dados manawi ing ayat punika namung kapangandikakaken: "minangka pangreksanira saka ing panas," punika mengku karsa angreksa saking benter lan inggih ngreksa saking asrep. Utawi kados déné katranganipun Zj, rèhning barang ingkang saged angreksa manusa saking benter punika ugi saged angreksa manusa saking asrep (Rz), milanipun kirang perlu satunggalipun ndadak kasebutaken.

1389. Gancaranipun: kaya déné anggoné Panjenenganè wus maringi ing sira barang kang becik-becik ing donya iki, yaiku nugraha wadhag, lah mangkono uga saiki Panjenenganè iya kapareng angganepi nugraha mau kabèh sarana maringi ing sira nugraha-Né kang agung dhéwé, yaiku wahyuning Pangéran.

1390. Ayat punika tuwin ayat ingkang kantun piyambak ing ruku' punika (ayat 89) anggelar wasita

85 Lan nalikané para kang padha atindak dudu andeleng siksa, lah ora bakal diènthengaké tumrap dhèwèké lan ora bakal padha pinaringan sumené.

وَاِذَا رَاَ الَّذِيْنَ ظَلَمُوا الْعَذَابَ فَلَا
يُخَفَّفُ عَنْهُمْ وَلَا هُمْ يُنْظَرُوْنَ ﴿٨٥﴾

86 Lan nalikané para kang padha anyakuthokaké (barang-barang kalawan Allah) padha andeleng sesembahan-sakuthoné, padha calathu: Pangéran kawula, punika para sesembahan-sekuthon kawula, ingkang sami kawula sebut-sebut sanèsipun Tuwan. Ananging iku bakal padha awèh *wangsulan* marang dhèwèké: Sayekti kowé iku padha wong goroh.

Ar. *gunem*

وَاِذَا رَاَ الَّذِيْنَ اَشْرَكُوْا شُرَكَآءَهُمْ
قَالُوْا رَبَّنَا هٰٓؤُلَآءِ شُرَكَآؤُنَا الَّذِيْنَ كُنَّا
نَدْعُوْا مِنْ دُوْنِكَ ۚ فَاَلْقَوْا اِلَيْهِمُ الْقَوْلَ
اِنَّكُمْ لَكٰذِبُوْنَ ﴿٨٦﴾

87 Lan ing dina iku dhèwèké bakal padha angunjukaké sumarah (-é) marang Allah; lan barang gawé-gawéné adaté, padha sirna saka ing dhèwèké.

وَاَلْقَوْا اِلَى اللّٰهِ يَوْمَئِذِ السَّلَمَ وَضَلَّ
عَنْهُمْ مَّا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ﴿٨٧﴾

88 Para kang padha kafir sarta padha sumimpang saka dadalaning Allah, iku Ingsun bakal amuwuhi siksa ing siksané, amarga saka anggoné wus padha agawé wisuna.

اَلَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَصَدُّوْا عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ
زِدْنٰهُمْ عَذَابًا فَوْقَ الْعَذَابِ بِمَا كَانُوْا
يُفْسِدُوْنَ ﴿٨٨﴾

89 Lan ing dinané Ingsun bakal angadegaké sawijining saksi ing dalem siji-sijining umat tumrap marang *umat iku*, (unusan) saka ing awaké dhéwé, sarta anekakaké sira minangka saksi tumrap marang iki[1391] – lan Ingsun wus anurunaké Kitab marang sira,

وَيَوْمَ نَبْعَثُ فِيْ كُلِّ اُمَّةٍ شَهِيْدًا عَلَيْهِمْ
مِّنْ اَنْفُسِهِمْ وَجِئْنَا بِكَ شَهِيْدًا عَلٰى
هٰٓؤُلَآءِ ۗ وَنَزَّلْنَا عَلَيْكَ الْكِتٰبَ تِبْيَانًا

ingkang adhadhasar kamanusan, inggih punika bilih saben umat mesthi kajumenengan nabi. Satunggaling mufassir tiyang Nasrani kanthi gumuning manah nafsiri makaten: “manawi makaten ayat punika lajeng angedahaken tiyang anggadhahi kapitadosan bilih ing India, ing Tiongkok, ing Jepang lan sapiturutipun wonten nabinipun ingkang tulèn.” Nanging menggah ing sajatos-jatosipun ingkang anggumunaken punika, déné titiyang ingkang sami ngakeni wontenipun nabi ingkang ngantos atusan cacahipun wonten ing tengah-tengahipun umat satunggal thil, umat Bani Israil, teka boten lega manahipun manawi wonten nabi tulèn satunggal kémawon wonten ing antawisipun nagari-nagari lan

1391. *Mirsanana kaca candhakipun.*

anerangaké gamblang ing samubarang, apa déné minangka tuntunan sarta wilasa tuwin warta bubungah tumrap para sing padha sumarah.

لِّكُلِّ شَيْءٍ وَّهُدًى وَّرَحْمَةً وَّبُشْرٰى لِلْمُسْلِمِيْنَ ﴿٨٩﴾

RUKU' 13

Wahyuning Pangéran maréntahaken kasaénan

90. Maréntahaken kasaénan anyegah awon. 91-96. Janji kedah dipun tuhoni. 97-100. Para tulus sami agesang suci.

90 Sayekti Allah aparéntah ing tindak adil sarta agawé becik (ing liyan) tuwin wèwèh ing krabat, apa déné anyegah ing laku nistha lan tindak dudu sarta pambaléla; Panjenengané amituturi sira supaya sira padha éling.[1392]

اِنَّ اللّٰهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْاِحْسَانِ وَاِيْتَآئِ ذِي الْقُرْبٰى وَيَنْهٰى عَنِ الْفَحْشَآءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ ﴿٩٠﴾

91 Lan padha nuhonana janjining Allah samangsa sira janji sarta aja padha angudhari sumpah sawisé iku dikukuhaké, lan temen sira wus anjumenengaké Allah minangka tanggungan ingatasé sira; sayekti Allah angudanèni apa panggawénira.[1393]

وَاَوْفُوْا بِعَهْدِ اللّٰهِ اِذَا عٰهَدْتُّمْ وَلَا تَنْقُضُوا الْاَيْمَانَ بَعْدَ تَوْكِيْدِهَا وَقَدْ جَعَلْتُمُ اللّٰهَ عَلَيْكُمْ كَفِيْلًا اِنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ مَا تَفْعَلُوْنَ ﴿٩١﴾

bangsa ingkang jembar wau. Pamanggih ingkang rupak bangsanipun ingkang kados makaten sadaya dipun tulak déning Islam, paparingipun Allah rejeki ruhani jembar atanpa wates wau, awit Allah punika boten namung "Allah Pangéranipun tiyang Israil" kémawon, nanging Pangéranipun sadaya bangsa lan sadaya ngalam.

1391. Pangandika punika sampun ngantos kasuraos mengku teges bilih kautusipun Kanjeng Nabi punika namung dhateng bangsa Arab thok. Bangsa ingkang rumiyin piyambak tampi piwulangipun Kanjeng Nabi, punika bangsa Arab, awit saking punika mila inggih bangsa wau ingkang rumiyin piyambak kaparingan pancasan margi kalepatanipun sampun angemohi Kanjeng Nabi. Bab kautusipun Kanjeng Nabi dhateng sadaya umat, lan bab para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi kadhawuhan mulangaken yakti dhateng sadaya umat, punika sampun kacetha wonten ing 2: 143 makaten: "Lan kaya mangkono anggon-Ingsun andadèkaké ing sira dadi umat kang pinunjul, supaya sira padha dadi saksi marang para manusa, sarta supaya Utusan iku dadi saksi marang sira."

1392. Tuwan Brinkman nyaruwé pangandika punika makaten: "Manawi Quran punika sampun anerangaken sadaya sarta dados tuntunan, lah punapaa ambetahaken *sunnah* barang?" Panyaruwé makaten punika cetha namung adhadhasar kabodhoan blaka. Sunnah punika tegesipun margi utawi lampah, déné ingkang dipun kajengaken sunnah punika tindakipun Kanjeng Nabi, ingkang minangka anggenahaken piwulangipun Quran. Kajawi punika, kabèh barang punika ingkang dipun karsakaken sadaya piwulang ingkang mangka dhadhasar tumrap karahayoning jiwanipun manusa saha kanggé mancasi pambantahipun agami warni-warni, dados sanès kok sadaya barang ingkang gumelar wonten ing alam donya.

1393. Ayat punika marsitakaken kalayan jlentrèh warni-warnining tataranipun kasaénan lan piawon. Kasaénan tataran ingkang andhap piyambak, punika kasebut *'adl* (tegesipun wantah *adil*,

92 Lan aja sira dadi kaya wong wadon (tukang ngantih) kang angudhari benangé ing sawisé dadi kukuh, (temah) padha bodhol.[1394] Sira padha angalap supatanira minangka sarananing palacidra ing antaranira, amarga umat (kang sawiji) luwih akèh cacahé tinimbang umat (sijiné).[1395] Asarana iku Allah mung anyoba sira; lan temen, ing dina kiyamat Panjenengané bakal anerangaké marang sira barang kang ing kono sira padha sulaya.

وَلَا تَكُونُوا كَالَّتِي نَقَضَتْ غَزْلَهَا مِنْ بَعْدِ قُوَّةٍ أَنْكَاثًا ۖ تَتَّخِذُونَ أَيْمَانَكُمْ دَخَلًا بَيْنَكُمْ أَنْ تَكُونَ أُمَّةٌ هِيَ أَرْبَىٰ مِنْ أُمَّةٍ ۚ إِنَّمَا يَبْلُوكُمُ اللَّهُ بِهِ ۚ وَلَيُبَيِّنَنَّ لَكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ مَا كُنْتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ﴿٩٢﴾

93 Lan lamun Allah angarsakna amasthi Panjenengané andadékaké sira dadi umat sawiji, ananging

وَلَوْ شَاءَ اللَّهُ لَجَعَلَكُمْ أُمَّةً وَاحِدَةً

jejeg), inggih punika saé kawales saé. Ingkang kagolong punika boten namung kaadilan thok, nanging netepi sawarnining kawajiban lan sawarnining janji punika inggih kalebet mriku, awit sadaya wau inggih nama nindakaken saé kanggé males saé. Déné tataraning kasaénan ingkang langkung inggil malih, inggih punika ingkang kasebut *ikhsan*, tegesipun *kasaénan* deles. Contonipun inggih punika nindakaken kasaénan utawi adamel saé, mangka tiyang ingkang nindakaken wau boten angsal kauntungan punapa-punapa. Wondéné tataraning kasaénan ingkang inggil piyambak punika ingkang kasebut ايتآء ذى القربى jawinipun *wewèh ing krabat*. Mila kasebut makaten awit tiyang manawi nyukani punapa-punapa dhateng sanakipun piyambak, dhateng anak-anakipum dhateng tiyang sepuhipun utawi dhateng sadhèrèkipun punika mesthi tuwuh saking tumiyunging manah ingkang salugu-lugunipun. Dados kasaénan tataran ingkang inggil piyambak punika manawi tiyang sampun kasinungan watak tumiyung dhateng saé, ngantos anggènipun nindakaken saé punika tanpa pambudidaya, wangsul sampun kabekta margi saking kudratipun tumiyung dhateng saé. Lah makaten ugi ayat punika inggih amarsitakaken tataraning awon warni tiga, inggih punika wiwit saking tindak saru ngantos dumugi tindak dosa nrajang wewenangipun tiyang satunggal-satunggal lan wewenangipun bangsa.

1394. Punika sanépa, ingkang dipun karsakaken kawarsitakaken wonten ing pangandika candhakipun.

1395. Para mengsahing Islam, margi saking langkung kathah cacahipun katimbang lan tiyang ingkang andhèrèk agami Islam, boten sami purun angurmati prajanjianipun kaliyan para Muslimin. Para mufassirin ingkang kathah-kathah nyuraos pangandika punika wigatos anerangaken watak-wantunipun para tiyang Quraisy umumipun: “Sampun dados pangadatanipun, samangsa sami nyumerapi mengsah-mengsahing sakutonipun langkung kiyat, para titiyang wau boten mawi taha-taha lajeng anguwukaken prasetyanipun sekuton kaliyan mitranipun lami.” Nanging kanyataanipun pangandika punika langkung cetha awéla-wéla malih tumrap bangsa-bangsa Nasrani ingkang sampun majeng, ingkang boten sami ngaosi sakedhik-kedhika dhateng prajanjianipun – langkung-langkung manawi ingkang dipun ajak prajanjian punika ringkih; malah sampun dados sekar lathi wonten ing antawisipun bangsa-bangsa wau, bilih prajanjian-prajanjian punika anggènipun kadamel supados dipun terak wantun. Tafsiranipun tuwan Rodwell ingkang mungel: “bangsa Arab, boten prabéda lan kathah-kathahipun pancer ingkang taksih satengah biadab, sami anggadhahi panganggep bilih sinten ingkang langkung kathah cacah jiwanipun lan langkung kiyat, kéngang-kénging kémawon nrajang prajanjian,” punika namung perlu kaéwahan sakedhik, manawi kacundhukaken kaliyan kawontenan-kawontenan énggal mangké, inggih punika ukara ingkang mungel “*pancer-pancer ingkang taksih satengah biadhab*” punika dipun santuni: ”*sawenèh bangsa-bangsa ingkang sampun majeng*.”

Panjenengané anasaraké sapa sing dadi karsa-Né sarta nuntun sapa sing dadi karsa-Né; lan sayekti sira bakal padha dinangu prakara sabarang kang padha sira lakoni.[1396]

وَلٰكِنْ يُّضِلُّ مَنْ يَّشَآءُ وَيَهْدِيْ مَنْ
يَّشَآءُ ؕ وَلَتُسْـَٔلُنَّ عَمَّا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ﴿۹۳﴾

94 Lan aja sira padha angalap supatanira minangka sarananing palacidra ing antaranira, mundhak dalamakan keplèsèd sawisé kukuhé sarta sira angrasakaké alané, amarga saka anggonira padha sumimpang saka dadalaning Allah, apa déné siksa gedhé bakal bagéanira.

وَلَا تَتَّخِذُوْۤا اَيْمَانَكُمْ دَخَلًاۢ بَيْنَكُمْ
فَتَزِلَّ قَدَمٌۢ بَعْدَ ثُبُوْتِهَا وَتَذُوْقُوا
السُّوْٓءَ بِمَا صَدَدْتُّمْ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۚ
وَلَكُمْ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ﴿۹۴﴾

95 Lan aja sira padha anampani pangaji sathithik ijolé janjining Allah; sayekti barang kang ana ing (ngarsaning) Allah iku luwih becik tumrap ing sira, lamun sira padha weruha.

وَلَا تَشْتَرُوْا بِعَهْدِ اللّٰهِ ثَمَنًا قَلِيْلًا ؕ اِنَّمَا
عِنْدَ اللّٰهِ هُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ اِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ﴿۹۵﴾

96 Apa kang ana ing sira iku bisa entèk lan apa kang ana ing Allah iku lestari; lan sayekti temen Ingsun bakal aparing pituwasé para kang padha sabar karana banget beciké apa kang wus padha dilakoni.

مَا عِنْدَكُمْ يَنْفَدُ وَمَا عِنْدَ اللّٰهِ بَاقٍ ؕ
وَلَنَجْزِيَنَّ الَّذِيْنَ صَبَرُوْۤا اَجْرَهُمْ
بِاَحْسَنِ مَا كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ﴿۹۶﴾

97 Sapa sing nglakoni becik, apa wong lanang apa wong wadon[1397] sarta dhèwèké iku wong angèstu, amasthi temen dhèwèké bakal Ingsun dadèkaké urip kalawan urip

مَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِّنْ ذَكَرٍ اَوْ اُنْثٰى
وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَنُحْيِيَنَّهٗ حَيٰوةً طَيِّبَةً ۚ

1396. Karsanipun Pangéran punika tumindakipun manut angger-angger yasan-Ipun; ngemungaken para tiyang ingkang sami murang-yakti lan para ingkang sami atindak dédé kémawon, ingkang sami kasasar. Mirsanana 104, ingkang anyethakaken ayat punika: "Sayekti wong kang ora padha angèstu ing timbalan-timbalaning Allah, iku Allah ora bakal anuntun." Bab prakawis punika sampun katerangaken kanthi panjang wonten ing 44 tuwin ing panggènan sanès-sanèsipun; mirsanana 1099, 1297, 1312.

1397. Lah ing ngriki Quran paring wangsulan malih dhateng sawenèh golongan ingkang boten mangertos, ingkang amastani bilih miturut piwulangipun agami Islam tiyang èstri punika boten kasinungan ruh (jiwa). Gesang sakéca, utawi gesang ing suwarga punika wonten ing ngriki kajanjèkaken manawi badhé kaparingaken dhateng tiyang jaler lan inggih dhateng tiyang èstri.

kang becik, sarta temen bakal padha Ingsun paringi pituwasé karana banget beciké apa kang wus padha dilakoni.

وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ أَجْرَهُمْ بِأَحْسَنِ مَا
كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٩٧﴾

98 Mulané samangsa sira maca Quran lah nyuwuna ngayom ing Allah saka sétan kang kabendon;

فَإِذَا قَرَأْتَ الْقُرْآنَ فَاسْتَعِذْ بِاللَّهِ
مِنَ الشَّيْطٰنِ الرَّجِيمِ ﴿٩٨﴾

99 Sayekti, dhèwèké iku ora kadunungan wisésa marang para kang padha angèstu sarta padha kumandel marang Pangérané.

إِنَّهُ لَيْسَ لَهُ سُلْطٰنٌ عَلَى الَّذِينَ اٰمَنُوا
وَعَلٰى رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ ﴿٩٩﴾

100 Wewenangé mung marang para kang padha amawongmitra dhèwèké sarta para kang padha anyakuthokaké Panjenengané ing liyané.

إِنَّمَا سُلْطٰنُهُ عَلَى الَّذِينَ يَتَوَلَّوْنَهُ
وَالَّذِينَ هُمْ بِهِ مُشْرِكُونَ ﴿١٠٠﴾

RUKU’ 14

Quran Suci punika sanés anggit-anggitan

101. Quran Suci punika gegentosipun kitab-kitab kina. 102-105. Punika wewedharan saking Nginggil, sanés damelanipun tiyang. 106-110. Para ingkang ambalik dhumawah ing kafir ing sasampuning angèstu.

101 Lan samangsa Ingsun anyalini (sawijining) timbalan kalawan timbalan (liyané) – lan Allah iku luwih wikan marang apa kang Diturunaké – dhèwèké padha calathu: Kowé iku mung tukang gawé gogorohan baé. O, akèh-akèhé dhèwèké padha ora weruh.[1398]

وَإِذَا بَدَّلْنَا اٰيَةً مَّكَانَ اٰيَةٍ ۙ وَّاللَّهُ
أَعْلَمُ بِمَا يُنَزِّلُ قَالُوا إِنَّمَا أَنْتَ
مُفْتَرٍ ۭ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿١٠١﴾

1398. Boten mantuk ing nalar sanget manawi ayat punika dipun anggé waton amastani bilih wonten sawenèh ayat-ayatipun Quran ingkang sampun kasuwak tumindakipun. Ayat-ayat ingkang kaanggep nyuwak ayat-ayat ingkang katurunaken langkung rumiyin, punika miturut sarjana ingkang linangkung piyambak namung wonten gangsal ayat. Sadaya wau kagolong jaman Madinah, awit suwak sinuwak ayat punika anggènipun kabetahaken saweg nalika Kanjeng Nabi dadalem wonten ing Madinah, inggih punika ing kalanipun dhawuh-dhawuh ingkang wijang kabetahaken kanggé anuntun para Muslimin. Punika manawi kapara nyata wonten saèstu ayat ingkang suwak sinuwak wau. Lah, surat punika kagolong ing jaman Makkah, mangka boten wonten bukti sakedhik-kedhika ingkang nélakaken bilih wonten ayat ingkang kasuwak ing nalika Kanjeng Nabi dadalem wonten ing Makkah.

102 Calathua: Ruh Suci[1399] wus anurunaké iku saka Pangéranira kalawan yakti, supaya aneguhaké para kang padha angèstu, sarta minangka tuntunan tuwin warta bubungah tumrap para sing padha sumarah.

قُلْ نَزَّلَهُ رُوحُ الْقُدُسِ مِنْ رَّبِّكَ
بِالْحَقِّ لِيُثَبِّتَ الَّذِينَ اٰمَنُوْا وَهُدًى
وَّبُشْرٰى لِلْمُسْلِمِيْنَ ﴿١٠٢﴾

103 Lan sayekti temen Ingsun angudanèni, manawa dhèwèké padha calathu: Sing mulang dhèwèké mung uwong baé. Basané wong kang tinarka iku kasar, *mangka* iki basa Arab kang gamblang.[1400]

Ar. *lan*

وَلَقَدْ نَعْلَمُ اَنَّهُمْ يَقُوْلُوْنَ اِنَّمَا يُعَلِّمُهٗ
بَشَرٌ ۗ لِسَانُ الَّذِيْ يُلْحِدُوْنَ اِلَيْهِ
اَعْجَمِيٌّ وَّهٰذَا لِسَانٌ عَرَبِيٌّ مُّبِيْنٌ ﴿١٠٣﴾

Langkung-langkung ungeling pangandika punika piyambak sampun anedahaken kalayan cetha, bilih ingkang dipun wastani damel-damelan punika bab tumurunipun wahyu Quran, sanès anggènipun kala-kala sok wonten dhawuhipun ingkang kasuwak, jer prakawis suwak sinuwak wau para kafir boten ngungkat-ungkat. Déné ingkang dados kawratanipun para kafir, punika déné kitab anyar katurunaken, mangka wahyu ingkang sampun-sampun taksih wonten, utawi anggènipun kabrasta pangadatan lan tata-caranipun, ingkang tumrap piyambakipun suci. Wangsulan tumrap kawratanipun para kafir ingkang angka satunggal wau makaten: Roh Suci ingkang sampun anurunaken wahyu dhateng Kanjeng Nabi ‘Isa tuwin para andika nabi sanès-sanèsipun, punika inggih anurunaken wahyu dhateng Kanjeng Nabi Muhammad. Déné kawratan ingkang angka kalih kaparingan wangsulan bilih adat tata-caranipun punika boten adhadhasar wahyuning Pangéran, wangsul Quran adhadhasar wahyuning Pangéran. Bab suwak-sinuwak rembagipun ingkang panjang mirsanana ing 152.

1399. Ing ngriki kasebutaken bilih ingkang ngampil wahyuning Pangéran dhateng Kanjeng Nabi punika Roh Suci. Wonten ing panggènan sanès tukang ngampil wahyu wau kasebut *Rûhu-l-amîn*, jawinipun Roh Ingkang Pinitados (26: 193), sarta ing 2: 97 tukang ngampil wahyu wau kasebut Jibril.

1400. Para mufassirin warni-warni anggènipun andumuk namanipun tiyang ingkang manut pahamipun dados mengsahipun Kanjeng Nabi ingkang kasebutaken wonten ing ayat punika. Ingkang kathah nama-nama wau nama-namanipun kawula tumbasan ingkang nganggé agami Nasrani, Jabr, Yâsir, ‘Aisy utawi Ya’isy, Qais, ‘Addas. Tuwan Pridéaux andumuk nama Salman, nanging déning tuwan Sale dipun wastani ngawur blaka, awit dhatengipun Salman punika sampun jaman sasampunipun Hijrah. Para kawula tumbasan wau èwonipun para ingkang sami ngrasuk Islam rumiyin piyambak, sarta inggih para titiyang wau ingkang kalangkung sanget piyambak dipun aniaya déning para titiyang Quraisy; suprandosipun para titiyang wau sami tetep mantep, nadyan dipun aniaya ingkang sakalangkung sanget wau. Punapa inggih, tiyang boten angsal kauntungan punapa-punapa lila legawa nandhang panganiaya ingkang sanget makaten wau, mangka sumerep manawi ingkang dipun bélani punika gogorohan blaka? Punika kémawon sampun cekap kanggé anedahaken doranipun pandalihipun para titiyang Quraisy; tuwin para Nasrani ingkang sami tiru-tiru, ingkang sami nganggep wigatos pandalih makaten wau. Para Nasrani ingkang kathah sami anggadhahi panginten bilih tiyang wau satunggaling pandhita Nasrani Néstoria, ingkang namanipun Sérgius, sami kaliyan Buhairah, ingkang naté kapethuk kaliyan Kanjeng Nabi nalika taksih timur, inggih punika ing kalanipun andhèrèk ingkang paman Abu Thalib dhateng Syria. Tuwan Sale piyambak mastani panginten punika lepat. Déné para kawula tumbasan Nasrani wau mesthi botenipun saged anganggit piwulang adiluhung kados piwulangipun Quran punika. Déné manawi para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi andalih makaten wau, punika malah saged dados bukti ingkang anélakaken gorohipun pandalih wau, margi saking anggènipun boten saged anginggahi bukti-buktinipun Quran Suci, para titiyang wau lajeng sami nganggé cara ingkang asor anggènipun badhé damel kucemipun Quran.

104 Sayekti, para kang padha ora angèstu ing timbalan-timbalaning Allah, iku Allah ora bakal nuntun lan bakal padha olèh siksa kang nglarani.[1401]

إِنَّ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِآيَاتِ اللَّهِ لَا
يَهْدِيهِمُ اللَّهُ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ١٠٤

105 Mung para kang padha ora angèstu ing timbalan-timbalaning Allah kang agawé-gawé goroh, lan dhèwèké iku padha wong goroh.

إِنَّمَا يَفْتَرِي الْكَذِبَ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ
بِآيَاتِ اللَّهِ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْكَاذِبُونَ ١٠٥

Ar. *imané*

106 Sapa sing kafir ing Allah sawisé *iman*, dudu kang pineksa kang sarta atiné anteng karana iman, ananging wong kang amengani dhadha(-né) ing kakafiran lah iki kang padha katiban bebendu saka ing Allah, sarta bakal olèh siksa kang gedhé.[1402]

مَنْ كَفَرَ بِاللَّهِ مِنْ بَعْدِ إِيمَانِهِ إِلَّا مَنْ
أُكْرِهَ وَقَلْبُهُ مُطْمَئِنٌّ بِالْإِيمَانِ وَلَٰكِنْ
مَنْ شَرَحَ بِالْكُفْرِ صَدْرًا فَعَلَيْهِمْ
غَضَبٌ مِنَ اللَّهِ وَلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ١٠٦

107 Mangkono iku amarga saka anggoné padha dhemen kauripan donya angungkuli akhirat, sarta amarga Allah iku ora anuntun wong kang padha kafir.[1403]

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمُ اسْتَحَبُّوا الْحَيَاةَ الدُّنْيَا
عَلَى الْآخِرَةِ وَأَنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ
الْكَافِرِينَ ١٠٧

1401. Nitik pangandika punika, terang manawi angèstu ing dhawuh-dhawuhipun Allah punika sami kaliyan anindakaken dhawuh-dhawuh wau.

1402. Ing dalem babadipun Islam jaman wiwitan langka wontenipun tiyang ingkang sampun ngrasuk Islam lajeng ambalik, nadyan margi saking kapeksa. Margi saking anggènipun sami ngrasuk Islam punika tuwuh saking ikhlasing manah, dadosipun para titiyang wau boten sami purun ambalik nglepèh agaminipun, sanajan nandhang rekaos ingkang sakalangkung déning sanget. Minangka tuladha Yasir pejah saking pandamelipun para titiyang kafir, margi piyambakipun boten sami purun nglepèh agaminipun Islam. Malah tumrap Sumayyah (rabinipun Yasir) pejahipun sarana lampah ingkang sakalangkung wengis; inggih punika sukunipun kakalih dipun tangsuli kaliyan unta kakalih, ingkang lajeng dipun gusah supados sami ambandhang ingkang kosokwangsul eneripun. Nanging anakipun tiyang kakalih wau ‘Ammar namanipun, margi saking kadayan déning pamisakit ingkang makaten wau, lajeng sajak miyar-miyur manahipun. Panganiaya ingkang wengis piyambak katandukaken dhateng para kawula tumbasan ingkang sami ngrasuk Islam, Tuwan Muir nerangaken makaten: “Para titiyang wau sami dipun cepengi lan dipun kunjara, utawi sami dipun lumahaken wonten ing pakrikilanipun jujurang ingkang saéngga latu benteripun, dipun epé ing bentèring surya ing wanci tengangé. Ngelak ingkang sanget saya mewahi awratipun panganiaya wau, ngantos para titiyang wau sami boten ènget punapa ingkang kaucapaken. Suprandosipun, nadyan ngalami kawontenan ingkang anggigirisi, ingkang saged adamel gingsiring manahipun tiyang dalasan ingkang santosa pisan manahipun ing antawisipun para kawula tumbasan ingkang ngrasuk Islam wau, wonten ingkang puguhing imanipun saéngga redi. Kadosta Bilal, kasebut ing hadits: “salebetipun nandhang pisakit, tiyang-tiyang ingkang misakit piyambakipun boten angsal punapa-punapa kajawi namung tembung Ahad! Ahad! Sawiji! Sawiji! (Pangéran ingkang namung Satunggal)”

1403. Kados pundi sagedipun tiyang angsal tuntunan manawi piyambakipun punika angemohi yakti lan boten purun nindakaken punika?

108 Iki para kang padha wus diecap déning Allah ati-atiné lan pangrunguné sarta pandeleng-pandelengé, lan iki wong kang padha léna.[1404]

أُولَٰٓئِكَ الَّذِيْنَ طَبَعَ اللّٰهُ عَلٰى قُلُوْبِهِمْ
وَسَمْعِهِمْ وَاَبْصَارِهِمْ ۚ وَاُولٰٓئِكَ
هُمُ الْغٰفِلُوْنَ ﴿١٠٨﴾

109 Wis ora kena ora, ana ing akhirat dhèwèké iku wong kang padha kapitunan.

لَا جَرَمَ اَنَّهُمْ فِى الْاٰخِرَةِ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ﴿١٠٩﴾

110 Tumuli, sayekti Pangéranira – tumrap para kang padha ngili[1405] (ninggal omahé) ing sawisé padha kinuya-kuya, banjur padha nyrempeng[1405A] sarta padha tahan – sayekti, Pangéranira, ing sawisé iku, temen Aparamarta, Mahaasih.

ثُمَّ اِنَّ رَبَّكَ لِلَّذِيْنَ هَاجَرُوْا مِنْۢ بَعْدِ
مَا فُتِنُوْا ثُمَّ جٰهَدُوْا وَصَبَرُوْٓا ۙ اِنَّ رَبَّكَ
مِنْۢ بَعْدِهَا لَغَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿١١٠﴾

RUKU' 15

Pandumipun para titiyang ing Makkah

111-116. Nugrahanipun Allah dhateng titiyang ing Makkah tuwin anggènipun sami boten gadhah panuwun. 117, 118. Tetedhan awisan. 119. Wilasa kaparingaken dhateng tiyang ingkang mratobat.

111 (Élinga marang) dina, kang ing kono siji-sijining jiwa bakal maju ambélani atur tumrap awaké dhéwé, lan (kang ing kono) siji-sijining jiwa tampa pituwas ganep apa kang wis padha dilakoni, sarta dhèwèké ora bakal padha dianiaya.

يَوْمَ تَأْتِيْ كُلُّ نَفْسٍ تُجَادِلُ عَنْ نَّفْسِهَا وَ
تُوَفّٰى كُلُّ نَفْسٍ مَّا عَمِلَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ﴿١١١﴾

1404. Nitik pangandika punika cetha manawi Allah punika boten kok ngecap manahipun manusa, murih manusa boten saged nampèni yakti; kosokwangsulipun, manusa, ingkang angemohi lan boten purun angèstu dhateng yakti, suthik mirengaken piwulangipun Kanjeng Nabi (kados déné ingkang kawarsitakaken ing ayat-ayat ingkang sampun), temahan manah-manahipun ka-ecap, sapiturutipun. Punika kémawon boten lalajengan tumindakipun, awit, kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat 110, nadyan makatena manawi piyambakipun purun sami tobat lan sabar marsudi yakti lan katulusan, Allah inggih kapareng ngapunten piyambakipun.

1405. Piyambakipun sami ngungsi saking papan panggènanipun dipun aniaya, supados boten nandhang panganiaya malih. Kados sampun terang bilih ing wekdal wau titiyang Muslimin sawatawis sampun wonten ingkang ngungsi dhateng Madinah.

1405A. Kedah dipun pèngeti bilih *jihâd* ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika mesthi kémawon sanès *jihâd* sarana perang, awit ayat punika anggènipun katurunaken wonten ing Makkah.

112 Lan Allah agawé pipindhan sawijining kutha kang raharja, tentrem, kang rijekiné muwah-muwuh teka mrono saka ngendi-endi panggonan; ananging iku ora atur panuwun marang nugrahaning Allah; mulané Allah angicipaké (kutha) iku ing luwé lan wedi *kang abanget*, amarga saka barang kang wus padha ditindakaké.[1406]

Ar. *tutup*

وَضَرَبَ اللّٰهُ مَثَلًا قَرْيَةً كَانَتْ اٰمِنَةً
مُّطْمَئِنَّةً يَّاْتِيْهَا رِزْقُهَا رَغَدًا مِّنْ كُلِّ
مَكَانٍ فَكَفَرَتْ بِاَنْعُمِ اللّٰهِ فَاَذَاقَهَا اللّٰهُ
لِبَاسَ الْجُوْعِ وَالْخَوْفِ بِمَا كَانُوْا يَصْنَعُوْنَ ﴿١١٢﴾

113 Lan sayekti, temen sawijining Utusan, unusan saka dhèwèké, ananging iku dhèwèké padha anggorohaké, mulané siksa tumiba marang dhèwèké, sajroné padha atindak dudu.[1407]

وَلَقَدْ جَآءَهُمْ رَسُوْلٌ مِّنْهُمْ فَكَذَّبُوْهُ
فَاَخَذَهُمُ الْعَذَابُ وَهُمْ ظٰلِمُوْنَ ﴿١١٣﴾

114 Mulané padha mangana rejeki paparingé Allah marang sira, kang *dikenakaké*, kang becik, sarta padha atura panuwun marang nugrahaning Allah, manawa sira padha ngawulani Panjenengané.

Ut. *halal*

فَكُلُوْا مِمَّا رَزَقَكُمُ اللّٰهُ حَلٰلًا طَيِّبًا
وَّاشْكُرُوْا نِعْمَتَ اللّٰهِ اِنْ كُنْتُمْ
اِيَّاهُ تَعْبُدُوْنَ ﴿١١٤﴾

1406. Sanépa punika kanggé nyanépakaken kawontenanipun nagari Makkah nalika jaman sadèrèngipun Kanjeng Nabi lan lalampahan ingkang badhé dipun sandhang ing sasampuning panjenenganipun dipun emohi: inggih punika *ing sasampuning kitha wau boten atur panuwun dhateng nugrahanipun Allah*. Kawontenanipun ing sakawit makmur lan mluwah-mluwah, awit kitha Makkah makaten dados punjering purugipun pancer-pancer ingkang sami ngibadah haji lan dadagangan, ingkang wonten ing Quran kagambar makaten: “Mulané padha ngabdia Pangérané padaleman iki, Kang wus ngingoni dhèwèké lumawan luwé lan ngamanaké dhèwèké saka kuwatir” (106: 3, 4). Wondéné kawontenanipun ing pawingkingipun, sapisan, margi saking kataman ing paceklik ageng, para titiyang ing ngriku ngantos sami nedha balung lan bangké (JB); déné paceklik ageng wau kalampahanipun ing sasampunipun Kanjeng Nabi andonga: “Dhuh Gusti Allah! mugi Tuwan andhawahi piyambakipun kalayan paceklik, kados paceklikipun Nabi Yusuf;” sarta inggih punika ingkang katembungaken *libâsu-l-jû'*, utawi *panganggo luwé*. Kaping kalih, kitha Makkah gègèr nalika kadhatengan wadyabala Muslimin cacah sadasa èwu, sarta inggih punika *libâsu-l-khaûf* utawi *panganggo kuwatir*; déné mila kasebut makaten awit nalika punika tanpa amutahaken rah. Tembung *libâs* (ingkang wantahipun ateges *panganggé*), kanggé nembungaken luwé lan kuwatos, punika mengku teges luwé lan kuwatos ingkang sanget, ingkang prasasat kados déné panganggé, anglimputi badanipun sakojur.

1407. Punika anyethakaken piweca ingkang kawengku wonten ing sanépa ing nginggil. Lah inggih punika *amrullâh*, utawi *sabdané Allah*,ingkang wonten ing wiwitanipun surat punika kadhawuhaken manawi sampun dhumawah. Dados wekasaning surat anyebutaken kalayan trep siksa punapa ingkang badhé dhumawah.

Ut. *anga-ramaké*

a. 210, 836

b. 211

115 Panjenengané mung *anglarangi* bathang tumrapé sira, lan getih sarta daging cèlèng apa déné sabarang kang kalawan anyebut saliyané Allah[a], ananging sapa sing kepèpèd, ora karana kapéngin, lan ora angliwati wates,[b] lah sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

إِنَّمَا حَرَّمَ عَلَيْكُمُ الْمَيْتَةَ وَالدَّمَ وَ
لَحْمَ الْخِنْزِيرِ وَمَا أُهِلَّ لِغَيْرِ اللَّهِ بِهِ ۚ
فَمَنِ اضْطُرَّ غَيْرَ بَاغٍ وَلَا عَادٍ فَإِنَّ
اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿١١٥﴾

116 Lan aja padha anyalathokaké goroh karana sapangucapé lisanira, (pangucapé): Iki kena lan iki ora kena, pamrihé padha agawé-gawé goroh tumrap Allah; sayekti, para kang padha agawé-gawé goroh tumrap marang Allah, ora bakal begja.

وَلَا تَقُولُوا لِمَا تَصِفُ أَلْسِنَتُكُمُ الْكَذِبَ
هَٰذَا حَلَالٌ وَهَٰذَا حَرَامٌ لِتَفْتَرُوا عَلَى
اللَّهِ الْكَذِبَ ۚ إِنَّ الَّذِينَ يَفْتَرُونَ عَلَى
اللَّهِ الْكَذِبَ لَا يُفْلِحُونَ ﴿١١٦﴾

117 Kabungahan sathithik, lan dhèwèké bakal olèh siksa kang nglarani.

مَتَاعٌ قَلِيلٌ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١١٧﴾

a. 837, 6: 147

118 Lan tumrap para kang padha Yahudi Ingsun anglarangi apa kang wus Ingsun caritakaké marang sira ing biyèn[a], lan Ingsun ora anganiaya dhèwèké, ananging dhèwèké kang padha anganiaya awaké dhéwé.

وَعَلَى الَّذِينَ هَادُوا حَرَّمْنَا مَا قَصَصْنَا
عَلَيْكَ مِنْ قَبْلُ ۖ وَمَا ظَلَمْنَاهُمْ وَلَٰكِنْ
كَانُوا أَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿١١٨﴾

119 Banjuré, sayekti Pangéranira – tumrap para kang padha anglakoni ala marga saka ora ngerti(né), ing sawisé iku banjur tobat sarta ambecikaké lakuné – sayekti Pangéranira, ing sawisé iku, temen Aparamarta, Mahaasih.

ثُمَّ إِنَّ رَبَّكَ لِلَّذِينَ عَمِلُوا السُّوءَ بِجَهَالَةٍ
ثُمَّ تَابُوا مِنْ بَعْدِ ذَٰلِكَ وَأَصْلَحُوا إِنَّ
رَبَّكَ مِنْ بَعْدِهَا لَغَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿١١٩﴾

RUKU' 16

Kados pundi sagedipun dados bangsa ingkang ageng

120-122. Kados pundi sagedipun Kanjeng Nabi Ibrahim dados tiyang ageng. 123. Kanjeng Nabi Muhammad punika Ibrahim énggal. 124. Sabbat. 125. Ing salebetipun papabenan kedah anyingkiri kasar. 126-128. Kedah sabar.

120 Sayekti, Ibrahim iku sawijining panutan, ambangun turut ing Allah, tulus, sarta dudu èwoné para kang-manembah-pangéran akèh.

إِنَّ إِبْرَاهِيمَ كَانَ أُمَّةً قَانِتًا لِلَّهِ حَنِيفًا ۖ
وَلَمْ يَكُ مِنَ الْمُشْرِكِينَ ﴿١٢٠﴾

121 Weruh ing panarima marang nugraha-Né; Panjenengané wus amething dhèwèké sarta nuntun dhèwèké marang dalan kang bener.

شَاكِرًا لِأَنْعُمِهِ ۚ اجْتَبَاهُ وَهَدَاهُ إِلَىٰ
صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ ﴿١٢١﴾

122 Lan Ingsun wus aparing becik marang dhèwèké ana ing donya, sarta sayekti, ana ing akhirat, dhèwèké temen èwoné para wong becik.

وَآتَيْنَاهُ فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً ۖ وَإِنَّهُ فِي
الْآخِرَةِ لَمِنَ الصَّالِحِينَ ﴿١٢٢﴾

123 Banjur Ingsun aparing wewedhar marang sira, angandika: Mituruta agamané Ibrahim, wong kang tulus, lan dudu èwoné para manembah-pangéran akèh.

ثُمَّ أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ أَنِ اتَّبِعْ مِلَّةَ إِبْرَاهِيمَ
حَنِيفًا ۖ وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِينَ ﴿١٢٣﴾

124 Sabbat iku dianakaké mung tumrap para kang padha sulaya ing dalem prakara iku; lan sayekti, Pangéranira, ing dina kiyamat, temen bakal amancasi antarané dhèwèké, tumrap prakara kang ing kono dhèwèké padha sulaya.

إِنَّمَا جُعِلَ السَّبْتُ عَلَى الَّذِينَ اخْتَلَفُوا
فِيهِ ۚ وَإِنَّ رَبَّكَ لَيَحْكُمُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ
الْقِيَامَةِ فِيمَا كَانُوا فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿١٢٤﴾

125 Angajaka marang dadalaning Pangéranira kalawan kawicaksanan sarta pitutur becik apa déné papadon karo dhèwèké kalawan laku kang luwih becik;[1408]

ادْعُ إِلَىٰ سَبِيلِ رَبِّكَ بِالْحِكْمَةِ وَالْمَوْعِظَةِ
الْحَسَنَةِ ۖ وَجَادِلْهُمْ بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ ۚ إِنَّ

1408. Wawaton kanggé mulangaken agami lan saraséhan bab prakawis agami ingkang katetepaken déning satunggaling tiyang Arab ingkang boten terpelajar punika jebul taksih perlu dipun sinau déning bangsa ingkang sampun majeng sanget, ingkang manawi saraséhan prakawis agami boten wonten sanès kajawi namung sedya nanacad, sarta manawi mulangaken agaminipun namung ngawon-awon dhateng ngasanès. Wawaton ingkang kagelar punika anedahaken bilih Kanjeng Nabi punika kalangkung déning momot panggalihipun, langkung-langkung manawi angèngeti bilih anggènipun piwulang punika kaparingaken, punika nalika jaman para Muslimin dipun aniaya ing sakatog-katogipun, ingkang upamia nganggé sikep ingkang keras inggih nama sampun mungguh sanget.

sayekti Pangéranira iku luwih ngudanèni marang sapa kang sasar saka ing dadalan-É, sarta Panjenengané luwih ngudanèni marang wong kang padha miturut ing dalan bener.

رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ بِمَنْ ضَلَّ عَنْ سَبِيلِهِ
وَهُوَ أَعْلَمُ بِالْمُهْتَدِينَ ﴿١٢٥﴾

126 Lan manawa genti gilirira, lah sira amalesa kalawan satimbangé, apa kang ditandukaké marang sira;[1409] ananging manawa sira sabar, temen iku luwih becik tumrap para kang padha sabar.

وَإِنْ عَاقَبْتُمْ فَعَاقِبُوا بِمِثْلِ مَا عُوقِبْتُمْ
بِهِ ۖ وَلَئِنْ صَبَرْتُمْ لَهُوَ خَيْرٌ لِلصَّابِرِينَ ﴿١٢٦﴾

127 Lan di sabar, sarta sabarira iku ora liya kajaba kalawan (pitulunganing) Allah, tuwin aja sira susah prakara dhèwèké, apa déné aja sira judheg ing ati saka ing anggoné padha ngrancang paékan.

وَاصْبِرْ وَمَا صَبْرُكَ إِلَّا بِاللَّهِ ۚ وَلَا تَحْزَنْ
عَلَيْهِمْ وَلَا تَكُ فِي ضَيْقٍ مِمَّا يَمْكُرُونَ ﴿١٢٧﴾

128 Sayekti, Allah iku anyartani para kang padha prayitna (saka ing ala) sarta para kang padha agawé becik (marang liyan).

إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا وَالَّذِينَ هُمْ
مُحْسِنُونَ ﴿١٢٨﴾

1409. Kados déné ingkang sampun kacetha wonten ing dhawuh-dhawuh wau sadaya, wawales ingkang kapangandikakaken punika namung gagayutan kaliyan punapa ingkang karembag wonten ing salebeting saraséhan, sanès kok peperangan utawi tindak natoni, dados ayat punika boten mengku pratandha manawi tumurun nalika jaman Madinah. Nanging nadyan idin males kaparingaken, dhawuh supados sabar dhateng pangucap saha tindakipun para kafir dipun ambal-ambali ngantos kaping tiga; punika anedahaken ruhipun ingkang sajati piwulangipun Islam. Boten wonten pasaksèn sakedhik-kedhika ingkang anedahaken bilih ayat punika tuwin kalih ayat sambetipun boten tumurun ing Makkah.

رکوعاتها ١٢ — سورة بني إسرآءيل مكية (١٧) — اياتها ١١١

JUZ XV

SURAT 17

BANI ISRAIL

(*Trah Israil*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(12 *ruku'*, 111 *ayat*)

Pathinipun:

Ruku'	1.	Pidana tumrap trah Israil.
Ruku'	2.	Saben tindak mesthi wonten wohipun.
Ruku'	3, 4.	Piwulang budipakerti.
Ruku'	5.	Para kafir saya andadra.
Ruku'	6.	Mesthi atemahan dipun siksa.
Ruku'	7.	Panglawanipun sétan dhateng para tulus.
Ruku'	8.	Panglawan dhateng Kanjeng Nabi.
Ruku'	9.	Panggorohan badhé sirna déning dhatengipun yakti.
Ruku'	10.	Quran punika pangéram-éram ingkang angédab-édabi.
Ruku'	11.	Santolan sapélé.
Ruku'	12.	Katandhing kaliyan pèpèngetipun Kanjeng Nabi Musa.

Irah-irahanipun saha sasambetanipun

Surat punika kanamakaken *Bani Isrâil (Trah Israil)*, inggih punika umat ingkang ing sakawit bangsa ingkang ageng, kawasa lan kajèn kèringan ing donya, ing wasananipun tampi pidana ingkang ageng lan ngantos mèh cures margi saking anggènipun murang-yekti. Surat punika kawiwitan lan kapungkasan kalayan anyebutaken lampahanipun bangsa wau. Wiwitaning pangandika ing wekasaning surat punika, anedahaken kalayan cetha bilih andharan wau kinarsakaken supados dadosa pèpènget tumrap para Muslimin piyambak tuwin tumrap para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi. Ingkang kapangandikakaken inggih punika nasib ingkang kasandhang déning umat Israil ing nalika dados bangsa ingkang ageng, sarta nasib mengsah-mengsahipun ing nalika taksih sami ringkih saha kinaniaya; sadaya wau mengku piweca ingkang terang gamblang ing bab nasib ingkang badhé dipun sandhang déning para titiyang Quraisy, tuwin lalampahan punapa ingkang kacalonaken dados bubuhanipun para Muslimin ing sasampunipun dados kuwaos. Ing surat punika pidananipun titiyang Israil kasebutaken wonten ing wiwitaning surat, dados sasambetanipun surat punika kaliyan surat ingkang sampun, sampun cetha. Surat ingkang sampun dipun pungkasi sarana anedahaken dhateng para Muslimin, kados pundi sagedipun piyambakipun dados umat ingkang ageng, déné surat punika dipun wiwiti sarana dhawuh dhateng para Muslimin amigatosaken nasib ingkang kasandhang déning satunggaling umat, ingkang sampun saged anggayuh ing kamulyan nanging wekasanipun ambruk; déné sababipun ambruk wau margi umat wau nilar piwulang-piwulang ingkang nyababaken piyambakipun angsal kamulyan wau.

Ingkang kawarsitakaken

Ingkang rumiyin piyambak anyebutaken *Mi'raj*-ipun Kanjeng Nabi, ingkang kedah dipun tegesi nyasmitakaken kamulyan ingkang badhé dipun gayuh déning Kanjeng Nabi tuwin kaluhuran ingkang badhé dipun gayuh déning umat Islam. Dados, ruku' ingkang kantun piyambak ing surat ingkang

sampun, wigatos paring sawenèh tuntunan dhateng para Muslimin, ingkang manawi dipun dhèrèk saged anjalari para Muslimin dados umat ingkang ageng; déné ing surat punika, wonten ing wiwitanipun, inggih punika ing dalem mi'rajipun Kanjeng Nabi, wonten piweca ingkang terang gamblang bab kaluhuranipun umat Islam. Sasampunipun anyebutaken punika, para Muslimin lajeng dipun paringi pèpènget bab lalampahan ingkang dipun sandhang déning umat Israil, ingkang ing nalika jaman sadèrèngipun sampun naté anggayuh kamulyan, nanging boten saged lastantun andarbèki kamulyanipun wau ing saterusipun. Ruku' ingkang kaping kalih anggelar piwulang ingkang gumathok boten éwah gingsir, inggih punika: sadaya pandamel mesthi wonten wohipun, angger-angger ingkang tumindak ing sajagad, angger-angger *sabab lan musabab* (*cause and effect*), ingkang manawi dipun mangertosi kaliyan saleres-leresipun saged mahanani manusa saged anggayuh kamulyan sajati, ingkang timbang kaliyan kamanusanipun. Kalih ruku' candhakipun ngemot piwulang budipakerti ingkang kedah dipun lampahi déning para Muslimin. Suprandéné, piwulang budipakerti ingkang adiluhung wau sadaya, boten wonten malih kajawi namung mewahi wangkotipun para titiyang kafir, kados déné ingkang kacetha wonten ing ruku' ingkang kaping gangsal, awit saking punika mila ruku' sambetipun lajeng marsitakaken pidananipun para titiyang wau, sarwi dhawuh dhateng para angèstu supados sami alus sikepipun dalasan kaliyan para mengsah-mengsahipun pisan. Ruku' ingkang kaping pitu amarsitakaken angger-angger ingkang tumindak ing jagad, inggih punika para tukang damel wisuna mesthi sami mengsahi tiyang tulus, déné ruku' ingkang kaping wolu mangandikakaken kalayan mligi panglawan ingkang katujokaken dhateng Kanjeng Nabi. Nanging ruku' candhakipun lajeng anerangaken bilih panglawan wau mesthi tumunten wuk atanpa gina, jalaran panggorohan mesthi sirna déning yakti: Wonten ing ngriki rawuhipun Kanjeng Nabi punika kawarna kadi déné rawuhipun *yakti,* utawi manawi miturut anggènipun nyebutaken Yukhanan *Rohing Kayektèn.* Ruku' ingkang kaping sadasa amarsitakaken bilih Quran piyambak punika mukjizat ingkang ageng, éwadéné para mengsah ngupados tandha yekti sanès-sanèsipun. Santolanipun ingkang sapélé anggènipun sami angemohi Quran, kasebutaken wonten ing ruku' ingkang kaping sawelas, sarta anyebutaken pidana ingkang katumrapaken dhateng piyambakipun punika sampun nama adil. Ruku' ingkang kantun piyambak wigatos dhawuh anggatosaken pèpèngetipun Kanjeng Nabi Musa dhateng Fir'aun, Ratu binathara ing tanah Mesir sarta paring pèpènget saminipun punika lumantar Quran Suci, lajeng pinungkasan kalayan anyebutaken lepatipun pangandel "Allah puputra," ingkang badhé kawarsitakaken kalayan panjang wonten ing kalih surat sambetipun.

Titimangsanipun nalika kadhawuhaken

Sagemblengipun surat punika anggènipun kadhawuhaken wonten ing Makkah. Ayat-ayat ingkang mangandikakaken pangrencananipun para titiyang Quraisy badhé anundhung Kanjeng Nabi (73-76), punika déning sawenèh sarjana kaanggep tumurun wonten ing Madinah. Nanging pananggep punika anèh-nylenèh, awit suraosing pangandika sampun anélakaken manawi pangadika wau anggènipun kadhawuhaken wonten ing Makkah. Pangandika ingkang nyebutaken mi'rajipun Kanjeng Nabi, punika tumurunipun kéning katamtokaken watawis setaun utawi kalih taun ing sadèrèngipun Hijrah, déné pérangan sanès-sanèsipun saged ugi malah langkung sepuh malih. Péranganing surat ingkang enggel, katawis manawi èwonipun dhawuh ingkang sepuh-sepuh, langkung sepuh katimbang surat pitu sagolongan ingkang ngrumiyini surat punika. Kapendhet umumipun kados kathah leresipun manawi surat punika kagolongaken dhawuh ingkang sepuh-sepuh ing jaman Makkah wekasan.

RUKU' 1

Pidana tumrap trah Israil

1. Kamenanganipun Kanjeng Nabi winecakaken. 2-7. Para turun Israil dipun pidana kaping kalih. 8-10. Wilasa kaparingaken wonten ing Quran.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Mahasuci Panjenenganė, kang wus anglakokakė kawula-Nė ing wayah bengi saka ing Masjid Suci marang masjid kang adoh, kang ing sakubengė wus Ingsun barkahi, supaya Ingsun ameruhna dhèwèkė ing sawenèhing tandha-tandha-Ningsun; sayekti Panjenenganė iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Nguda-nèni.[1410]

سُبْحٰنَ الَّذِيْٓ اَسْرٰى بِعَبْدِهٖ لَيْلًا مِّنَ الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ اِلَى الْمَسْجِدِ الْاَقْصَا الَّذِيْ بٰرَكْنَا حَوْلَهٗ لِنُرِيَهٗ مِنْ اٰيٰتِنَا ؕ اِنَّهٗ هُوَ السَّمِيْعُ الْبَصِيْرُ ①

2 Lan Ingsun wus amaringi Kitab Musa sarta iku Ingsun da-dèkakė tuntunan tumrap para turun
a. 1356 Israil, pangandika(-Ningsun):[a] Aja padha angalap pangayoman saliyanė Ingsun;[1411]

وَاٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ وَجَعَلْنٰهُ هُدًى لِّبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ اَلَّا تَتَّخِذُوْا مِنْ دُوْنِيْ وَكِيْلًا ②

3 Tedhaking wong kang Ingsun-emot barenganė Nuh; sayekti, dhèwèkė iku sawijining kawula kang weruh ing panarima.

ذُرِّيَّةَ مَنْ حَمَلْنَا مَعَ نُوْحٍ ؕ اِنَّهٗ كَانَ عَبْدًا شَكُوْرًا ③

1410. Lalampahan punika limrahipun kaanggep lalampahan mi'rajipun Kanjeng Nabi. Mirsanana 1441, ing ngriku katerangaken kawontenanipun mi'raj ingkang sajatos. Manawi kasuraos ingkang kasebutaken ing ngriki punika bab mi'rajipun Kanjeng Nabi, suraos ingkang kawengku wonten ing ngriku anyasmitakaken kamenangan ing pakaryanipun Kanjeng Nabi ing wekdal ingkang badhé dhateng. Nanging pangandika punika ugi saged kasuraos wigatos anyasmitakaken Hijrahipun Kanjeng Nabi ingkang badhé kalampahan dhateng Madinah. Nalika Kanjeng Nabi linggar saking Makkah, punika ing wanci dalu (Ibnu Hisyam). Manawi nganggé panyuraos punika *masjid kang adoh* punika ateges masjid Nabi ingkang badhé dipun adegaken wonten ing Madinah, utawi Madinah piyambak, manawi Masjid kang Suci kasuraos Makkah. Utawi ateges Yérusalém, suraosipun: Kanjeng Nabi badhé maris sadaya barkahipun para andika nabi Bani Israil, kalebet ugi Tanah Suci.

1411. Rodwell nerangaken manawi ayat punika boten wonten sasambetanipun kaliyan ayat ingkang sampun, nanging panginten makaten wau lepat. Menggah ing sajatos-jatosipun ayat ingkang sapisan punika wigatos amecakaken kaluhuranipun Islam lan kaum Muslimin ing wekdal ingkang badhé dhateng, déné ayat ingkang kaping kalih (ayat punika), wigatos paring pèpènget dhateng para Muslimin poncabayanipun kaluhuran, sarwi anyebutaken tuladha satunggaling umat ingkang sampun, ingkang sampun naté kasengkakaken ing ngaluhur.

Ut. *aparing weruh*

4 Lan Ingsun wus *andhawahaké putusan* marang turuning Israil ing sajroning Kitab: Sayekti temen sira bakal agawé wisuna ing bumi rong rambahan[1412] lan sayekti temen sira bakal kumalangkung adigung.

وَقَضَيْنَآ إِلَىٰ بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ فِى ٱلْكِتَٰبِ
لَتُفْسِدُنَّ فِى ٱلْأَرْضِ مَرَّتَيْنِ وَلَتَعْلُنَّ
عُلُوًّا كَبِيرًا ٤

5 Lah bareng janji loro iku kang sapisan (titimangsané) wis tumeka, Ingsun (banjur) angutus para kawula-Ningsun kang kawanèné anggigirisi, anyerang sira, banjur angubres kukubané padunungan(-ira), lan iki janji kang masthi kudu kalakon.

فَإِذَا جَآءَ وَعْدُ أُولَىٰهُمَا بَعَثْنَا عَلَيْكُمْ
عِبَادًا لَّنَآ أُو۟لِى بَأْسٍ شَدِيدٍ فَجَاسُوا۟
خِلَٰلَ ٱلدِّيَارِ ۚ وَكَانَ وَعْدًا مَّفْعُولًا ٥

6 Tumuli gentèn Ingsun aparing gilir marang sira anglindhihaké dhèwèké sarta Ingsun amitulungi sira kalawan bandha lan anak akèh apa déné sira Ingsun dadèkaké papanthan kang luwih gedhé.[1413]

ثُمَّ رَدَدْنَا لَكُمُ ٱلْكَرَّةَ عَلَيْهِمْ وَأَمْدَدْنَٰكُم
بِأَمْوَٰلٍ وَبَنِينَ وَجَعَلْنَٰكُمْ أَكْثَرَ نَفِيرًا ٦

7 Lamun sira agawé becik, iku agawé becik marang jiwanira dhéwé, lan lamun sira agawé ala, lah iya amitunani marang (jiwanira) iku. Lah nalika (titimangsané) tekané janji kang kaping pindho wus tumeka, (Ingsun angutus wong-wong liya) supaya padha *agawé susahira* lan supaya padha anglebonana masjid, kaya anggoné

Ar. *angulemaké rainira*

إِنْ أَحْسَنتُمْ أَحْسَنتُمْ لِأَنفُسِكُمْ ۖ وَإِنْ
أَسَأْتُمْ فَلَهَا ۚ فَإِذَا جَآءَ وَعْدُ ٱلْءَاخِرَةِ لِيَسُۥٓـُٔوا۟
وُجُوهَكُمْ وَلِيَدْخُلُوا۟ ٱلْمَسْجِدَ كَمَا دَخَلُوهُ

1412. Kacundhukna kaliyan 5: 78: "Para turun Israil kang padha kafir dilaknati atas sabdané Dawud lan 'Isa anaké Maryam." Yérusalém dipun risak ngantos kalih rambahan minangka pidana murangyektinipun para titiyang Yahudi. Ingkang sapisan déning titiyang Babilon, ingkang kaping kalih déning titiyang Rum. Mirsanana pèpèngetipun Kanjeng Nabi 'Isa wonten ing Mat 23: 38: "Élinga, omahmu kasarahaké marang kowé, temahan dadi suwung," saha wonten ing Lukas 21: 24: "Sarta ing Yérusalém bakal kaicak-icak déning para umat" tuwin sanès-sanèsipun saminipun punika. Ing Zabur inggih kebak pèpènget-pèpènget.

1413. Ayat 5 wigatos amarsitakaken risakipun padaleman suci ing Yérusalém sarta anggènipun para tiyang Yahudi sami dipun pejahi, dipun kunjara tuwin dipun kéndhangaken déning titiyang Babilon nalika taun 588 sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi 'Isa, déné ayat 6 amarsitakaken wangsulipun titiyang Yahudi saking pambucalan saha pambangunipun malih padaleman suci ingkang

angleboni sing kaping sapisané, lan supaya padha anglebur kamenangan kang wis pinakolih kalawan lebur temenan.[1414]

أَوَّلَ مَرَّةٍ وَّلِيُتَبِّرُوْا مَا عَلَوْا تَتْبِيْرًا ٧

8 Manawa-manawa Pangéranira angrentahaké wilasa marang sira, lan manawa sira bali (ambangkang) manèh, Ingsun iya bakal bali (aparing pidana) manèh,[1415] lan Ingsun wus andadèkaké naraka minangka pakunjaraning para kafir.

عَسٰى رَبُّكُمْ اَنْ يَّرْحَمَكُمْ ۚ وَاِنْ عُدْتُّمْ عُدْنَا ۘ وَجَعَلْنَا جَهَنَّمَ لِلْكٰفِرِيْنَ حَصِيْرًا ٨

9 Sayekti Quran iki anuntun marang kang banget bener sarta awèh warta bubungah marang para angèstu kang padha anglakoni panggawé becik, yèn bakal padha olèh pituwas kang gedhé,

اِنَّ هٰذَا الْقُرْاٰنَ يَهْدِيْ لِلَّتِيْ هِيَ اَقْوَمُ وَيُبَشِّرُ الْمُؤْمِنِيْنَ الَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ الصّٰلِحٰتِ اَنَّ لَهُمْ اَجْرًا كَبِيْرًا ٩

10 Wondéné para kang padha ora angèstu marang akhirat, Ingsun wus anyadhiyakaké siksa kang nglarani tumrap marang dhèwèké.

وَّاَنَّ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ اَعْتَدْنَا لَهُمْ عَذَابًا اَلِيْمًا ١٠

RUKU' 2

Sadhéngah pandamel wonten wohipun

11, 12. Tiyang punika gagancangan dhateng awon. 13-15. Sasanggènipun awon punika boten kénging dipun lintiraken. 16, 17. Bangsa badhé linebur manawi murang krama. 18-22. Sadéngah tiyang punika angsal-angsalanipun inggih punapa ingkang dipun angkah.

---

dipun pandhegani déning Zérubbabél, tuwin makmuripun para titiyang Yahudi ing jaman pawingkingipun malih. Lah inggih punika lalampahan walik-grembyang ingkang kapangandikakaken ing ayat punika.

1414. Ayat punika nerangaken risakipun ingkang kaping kalih padaleman suci déning titiyang Rum ingkang dipun pandhegani déning Titus. Sadaya wau ingkang nindakaken fihak mengsah, inggih mengsah saking fihak punapa kémawon, sarta boten pisan-pisan mengku teges bilih mengsah ingkang sampun naté ngrisak padaleman suci tumindak makaten malih ingkang kaping kalih.

1415. Punika magepokan kaliyan rawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad ingkang tumrap para titiyang Israil ateges kaparingan kalonggaran malih ambangun awakipun, nanging para titiyang wau sami kapangandikanan manawi sami wangsul dhateng karisakan, piyambakipun sami badhé dipun dhawahi pidana malih. Nalika Kanjeng Nabi rawuh ing Madinah, ing sakawit titiyang Yahudi sami asikep rukun. Nanging saya dangu para titiyang wau saya asikep mengsahi, ngantos sami sekuton kaliyan mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi punapa, sarta damel paékan badhé anyédani panjenenganipun. Angsal-angsalanipun, para titiyang wau sami angsal pidana kados déné ingkang kasandhang ing sadèrèngipun.

11 Manusa iku nyunyuwun ala kaya beneré kudu anyunyuwun becik, lan manusa iku pancèn gawéné anggégé.

وَيَدْعُ الْإِنسَانُ بِالشَّرِّ دُعَاءَهُ بِالْخَيْرِ ۖ وَكَانَ الْإِنسَانُ عَجُولًا ﴿١١﴾

12 Lan Ingsun wus andadèkaké wengi lan raina dadi tandha loro, tumuli Ingsun anyirnakaké tandha wengi[1416] lan andadèkaké tandha raina dadi padhang, supaya sira padha angupaya lubèring paparingé Pangéranira lan supaya sira padha nyumurupana wilanganing taun sarta pétungan, lan samubarang iku wus Ingsun gawé terang awijang.

وَجَعَلْنَا اللَّيْلَ وَالنَّهَارَ آيَتَيْنِ ۖ فَمَحَوْنَا آيَةَ اللَّيْلِ وَجَعَلْنَا آيَةَ النَّهَارِ مُبْصِرَةً لِّتَبْتَغُوا فَضْلًا مِّن رَّبِّكُمْ وَلِتَعْلَمُوا عَدَدَ السِّنِينَ وَالْحِسَابَ ۚ وَكُلَّ شَيْءٍ فَصَّلْنَاهُ تَفْصِيلًا ﴿١٢﴾

13 Lan Ingsun angalungaké panggawéné siji-sijining manusa ana ing guluné[1417] lan ing dina kiyamat Ingsun wetokaké marang dhèwèké (awujud) kitab, kang ginelar ngeblak;

وَكُلَّ إِنسَانٍ أَلْزَمْنَاهُ طَائِرَهُ فِي عُنُقِهِ ۖ وَنُخْرِجُ لَهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ كِتَابًا يَلْقَاهُ مَنشُورًا ﴿١٣﴾

14 Wacanen kitabira, ing dina iki wis cukup jiwanira minangka juru pétung ingatasé sira.[1417A]

اقْرَأْ كِتَابَكَ كَفَىٰ بِنَفْسِكَ الْيَوْمَ عَلَيْكَ حَسِيبًا ﴿١٤﴾

1416. Dalu punika minangka sanépanipun pepetenging kabodhoan lan kakafiran (mirsanana 344), déné icalipun dalu punika ateges kabodhoan badhé sirna sarta papadhanging Islam badhé dados lilintunipun.

1417. *Thâir* (wantahipun *peksi*) punika tegesipun *tindakipun manusa*. Inggih tindakipun manusa punika ingkang dipun kalungaken wonten ing guluning manusa (S. Msb, Q-LL). Kados pundi mila bukanipun déné tembung wau mengku teges makaten wau, saged dipun tingali saking gugontuhonipun bangsa Arab. Sampun kacara wonten ing kalanganipun bangsa Arab, awon lan saé punika dipun pethèk sarana peksi-peksi, inggih punika dipun tingali peksi wau mabur saking kajengipun piyambak punapa margi dipun gusah, maburipun manengen punapa mangiwa, utawi punapa terus kémawon minggah. Awawaton punika pandamel ingkang badhé dipun tindakaken kaanggep prayogi utawi boten prayogi. Inggih awit saking punika mila tembung wau lajeng ateges *pandamel awon lan pandamel saé* (Rz). Menggah ing sajatos-jatosipun teges wau sampun katerangaken déning péranganipun ingkang wekasan ayat punika sarta déning ayat candhakipun. Ayat punika amahyakaken piwulang ingkang mangka waton, bilih saben pandamel punika mesthi wonten tabetipun ingkang kelèt kaliyan manusa, sarta inggih tabeting pandamel punika ingkang bénjing dinten kiyamat badhé dados kitab ingkang ginelar. Dados anggènipun atilar tabet punika ingkang nama saben tindaking manusa kacathet, lan inggih tabet punika kitab cathetaning pandamelipun manusa. *Dikalungaké ana ing gulu* punika mengku teges *kanthil boten kénging dipun pisah* (Rz), dados punika ateges anjumenengaken angger-anggering sabab lan musabab, *law of cause and effect*, angger-angger saben tindak mesti wonten wohipun.

1417A. Kapèngetana, miturut ayat punika pangétangipun pandamelipun manusa bénjing ing dinten

15 Sapa sing ngambah dalan kang bener, pangambahé iku makolèhi mung marang jiwané dhéwé, lan sapa sing atindak sasar, tindaké sasar iku mitunani iya mung marang (jiwané dhéwé) iku, lan sapa sing nyangga, iku ora bakal nyangga sasangganing liyan,[1418] lan ora bakal Ingsun aparing siksa *kajaba yèn* Ingsun *wus* anjumenengaké utusan.[1419]

Ar. *nganti*

مَنِ اهْتَدَىٰ فَإِنَّمَا يَهْتَدِي لِنَفْسِهِ ۖ
وَمَن ضَلَّ فَإِنَّمَا يَضِلُّ عَلَيْهَا ۚ وَلَا
تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ۗ وَمَا كُنَّا
مُعَذِّبِينَ حَتَّىٰ نَبْعَثَ رَسُولًا ﴿١٥﴾

16 Lan samangsa Ingsun arsa anglebur sawijining nagara, Ingsun andhawuhaké[1420] paréntah Ingsun marang wongé kang uripé among-suka-pari-suka, ananging dhèwèké padha murang yakti; mulané kayektèn sabda iku tumiba marang kono, tumuli (nagara) iku Ingsun lebur kalawan lebur tumpur.

وَإِذَا أَرَدْنَا أَن نُّهْلِكَ قَرْيَةً أَمَرْنَا
مُتْرَفِيهَا فَفَسَقُوا فِيهَا فَحَقَّ عَلَيْهَا
الْقَوْلُ فَدَمَّرْنَاهَا تَدْمِيرًا ﴿١٦﴾

---

kiyamat punika katindakaken déning manusa piyambak. Pratélan punika suka papadhang pétangan, *wazn* lan *mîzân* (7: 8; 55: 7) punika punapa; inggih punika anedahaken bilih sadaya wau boten sanès inggih gumelaripun ingkang kalayan sampurna tabeting pandamel ingkang katindakaken nalika ing gesang sapunika.

1418. Ayat punika ambrastha piwulang bab panebusing dosa. Sasanggèning dosa satunggaling tiyang boten saged yèn ta kasangkul ing tiyang sanès, awit kados déné ingkang sampun kapratélakaken ing ngajeng, tabeting pandamelipun saben tiyang punika dipun kanthilaken piyambakipun. Ingkang makaten wau laras sanget kaliyan angger-anggering kodrat. Ayat punika ugi boten cengkah kaliyan pangandika ing 29: 13: "Lan sayekti dhèwèké temen bakal nyangga momotané dhéwé sarta momotan liya kanthiné momotané," awit ingkang kapangandikakaken ing 29: 13 wau para titiyang ingkang nasaraken tiyang sanès, sampun samesthinipun manawi sami nyangga sasanggènipun piyambak lan sasanggèn anggènipun sampun nasaraken ing ngasanès; déné titiyang sanès wau mesthi inggih tanggel jawab ing kalepatanipun piyambak. Punapa tegesipun *kang anyangga sasanggan* kula aturi mirsani 951.

1419. Siksa ingkang dipun pangandikakaken punika siksa ingkang kadhawahaken minangka pidananing nerak angger-angger ingkang sampun kaparingaken; nanging ing sasampunipun angger-angger wau tumindak. Milanipun ing ngriki kasebutaken bilih tiyang punika anggènipun kasiksa samangsa sampun kadumugèn piwulangipun yakti lumantar satunggaling nabi.

1420. Pangandika punika asring dipun suraos kalayan boten leres. Allah boten teka andhawuhaken titiyang sami murang-yakti, awit sampun kasebutaken kanthi terang wonten ing 7: 28 "Allah ora maréntahaké panggawé nistha," sarta malih ing 16: 90 "Panjenengané anyegah ing laku nistha lan tindak dudu sarta pambaléla." Déné suraosipun ayat punika sampun terang, inggih punika: Allah paring dhawuh dhateng para titiyang wau supados sami nindakaken pandamel saé, inggih punika nuntun piyambakipun dhateng margi ingkang leres lumantar nabi-nabi-Nipun: nanging rèhning para titiyang wau sampun kelajeng sami remen gesang amongsuka-pari-suka, milanipun lajeng sami andaga ing dhawuh, sarta inggih awit saking punika para titiyang wau sami angsal pidana.

17 Lan wis pira baé bangsa sapungkuré Nuh kang wis Ingsun lebur! Lan Pangéranira iku wis cukup Waspada, Anguningani marang kaluputaning para kawula-Né.

مَنْ كَانَ يُرِيْدُ الْعَاجِلَةَ عَجَّلْنَا لَهٗ
فِيْهَا مَا نَشَآءُ لِمَنْ نُّرِيْدُ ثُمَّ جَعَلْنَا
لَهٗ جَهَنَّمَ ۚ يَصْلٰهَا مَذْمُوْمًا مَّدْحُوْرًا ﴿١٨﴾

18 Sapa sing kapéngin kauripan donya iki, iku ing kono Ingsun anggelisaké apa sakapareng-Ingsun tumrap sapa-sapa kang Ingsun karsakaké, tumuli naraka Ingsun dadèkaké bagéané: dhèwèké bakal malebu mrono, diinakaké, disebrataké.

وَكَمْ اَهْلَكْنَا مِنَ الْقُرُوْنِ مِنْۢ بَعْدِ
نُوْحٍ ؕ وَكَفٰى بِرَبِّكَ بِذُنُوْبِ عِبَادِهٖ
خَبِيْرًاۢ بَصِيْرًا ﴿١٧﴾

19 Lan sapa sing kapéngin akhirat sarta angarah iku kaya kuduning pangarahé sarta dhèwèké iku wong angèstu, lah iki, pangarahé bakal *pinaringan pituwas.*

Ut. *tinarima*

وَمَنْ اَرَادَ الْاٰخِرَةَ وَسَعٰى لَهَا سَعْيَهَا وَ
هُوَ مُؤْمِنٌ فَاُولٰٓئِكَ كَانَ سَعْيُهُمْ مَّشْكُوْرًا ﴿١٩﴾

20 Kabèh padha Ingsun pitulungi – iya sing siji lan iya sing sijiné – miyos saka lubèring Pangéranira, sarta lubèring Pangéranira iku ora winates.

كُلًّا نُّمِدُّ هٰٓؤُلَآءِ وَهٰٓؤُلَآءِ مِنْ عَطَآءِ
رَبِّكَ ؕ وَمَا كَانَ عَطَآءُ رَبِّكَ مَحْظُوْرًا ﴿٢٠﴾

21 Delengen, kapriyé anggon-Ingsun angluwihaké kang sawiji angungkuli kang sawijiné, lan temen akhirat iku luwih gedhé ing dalem papangkatan sarta luwih gedhé ing dalem kaluwihan.

اُنْظُرْ كَيْفَ فَضَّلْنَا بَعْضَهُمْ عَلٰى بَعْضٍ ؕ
وَلَلْاٰخِرَةُ اَكْبَرُ دَرَجٰتٍ وَّاَكْبَرُ تَفْضِيْلًا ﴿٢١﴾

22 Lan aja sira angadegaké sesembahan liya anyartani Allah, mundhak sira andhéprok cinacad, linirwakaké.

لَا تَجْعَلْ مَعَ اللّٰهِ اِلٰهًا اٰخَرَ فَتَقْعُدَ
مَذْمُوْمًا مَّخْذُوْلًا ع ﴿٢٢﴾

RUKU' 3

Piwulang Budipakerti

23-25. Pangrengkuh saé dhateng bapa biyung. 26-30. Ambek saé dhateng tiyang kacingkrangan.

وَقَضٰى رَبُّكَ اَلَّا تَعْبُدُوْٓا اِلَّآ اِيَّاهُ وَ
بِالْوَالِدَيْنِ اِحْسَانًا ۗ اِمَّا يَبْلُغَنَّ عِنْدَكَ
الْكِبَرَ اَحَدُهُمَآ اَوْ كِلٰهُمَا فَلَا تَقُلْ لَّهُمَآ
اُفٍّ وَّلَا تَنْهَرْهُمَا وَقُلْ لَّهُمَا قَوْلًا كَرِيْمًا ﴿٢٣﴾

23 Lan Pangéranira wus andhawuhaké, supaya sira aja padha ngawula (sapa-sapaa) kajaba ing Panjenengané, sarta dibecik marang wong tuwanira loro.[1421] Manawa salah sawijiné utawa sakaroné nyandhak umur tuwa, ana ing sira, lah aja sira angucap marang sakaroné (kayata) "Hus", sarta aja padha sira uring-uring, tuwin angucapa tembung kang mulya marang sakaroné.

وَاخْفِضْ لَهُمَا جَنَاحَ الذُّلِّ مِنَ الرَّحْمَةِ
وَقُلْ رَّبِّ ارْحَمْهُمَا كَمَا رَبَّيٰنِيْ صَغِيْرًا ﴿٢٤﴾

24 Lan di andhap asor marang sakaroné kalawan wilasa, sarta angucapa: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing wilasa dhateng sakalihipun, kados anggènipun angopèni kawula (kala kawula taksih) alit.

رَبُّكُمْ اَعْلَمُ بِمَا فِيْ نُفُوْسِكُمْ ۗ اِنْ تَكُوْنُوْا
صٰلِحِيْنَ فَاِنَّهٗ كَانَ لِلْاَوَّابِيْنَ غَفُوْرًا ﴿٢٥﴾

25 Pangéranira iku luwih udani
marang apa kang ana ing sajroning
ati-atinira; manawa sira iku padha
becik, lah sayekti Panjenengané
a. 2194 iku Aparamarta[a] marang para kang
tansah mratobat (marang Panjene-
ngané).

وَاٰتِ ذَا الْقُرْبٰى حَقَّهٗ وَالْمِسْكِيْنَ وَابْنَ
السَّبِيْلِ وَلَا تُبَذِّرْ تَبْذِيْرًا ﴿٢٦﴾

26 Lan wèwèha marang sanak
ar. *lan* apa beneré, *mangkono uga* (ma-
rang) para miskin tuwin wong
lalaku, sarta aja sira angecèh-ecèh
kalawan pangebrèh.

اِنَّ الْمُبَذِّرِيْنَ كَانُوْٓا اِخْوَانَ الشَّيٰطِيْنِ ۗ

27 Sayekti para ngebrèh iku sadulur-saduluring sétan, sarta

1421. Bekti dhateng tiyang sepuh kakalih punika dhawah angka kalih ing sasampunipun bekti ing Allah, jalaran sami-sami manusa ingkang ageng piyambak wewenangipun dhateng satunggaling tiyang punika namung tiyang sepuhipun kakalih. Langkung-langkung malih, ambangun turut dhateng tiyang sepuh kakalih punika wiji ingkang anukulaken pambangun turut dhateng panguwaosing praja ingkang apsah, inggih punika satunggaling kawajiban ingkang wigatos. Makaten wau samangsa laré-laré sami dipun mangertosaken dhateng piwulang punika. Inggih awit saking punika mila ambangun turut dhateng tiyang sepuh kakalih punika wonten ing dalem tatanan budipakerti Islam kagolongaken prakawis ingkang wigatos.

sétan-sétan iku marang Pangérané ora weruh ing panarima.[1422]

وَكَانَ الشَّيْطٰنُ لِرَبِّهٖ كَفُوْرًا ﴿٢٧﴾

28 Lan manawa (panjaluké) padha sira tulak karana (sira lagi) ngupaya wilasa saka Pangéranira kang sira ajap-ajap, lah padha sira calathonana tembung kang manis.[1423]

وَاِمَّا تُعْرِضَنَّ عَنْهُمُ ابْتِغَآءَ رَحْمَةٍ مِّنْ رَّبِّكَ تَرْجُوْهَا فَقُلْ لَّهُمْ قَوْلًا مَّيْسُوْرًا ﴿٢٨﴾

29 Lan aja sira ambanda tanganira ing gulunira sarta aja sira nguluraké nganti wudhar, mundhak sira (satemah) andhéprok cinacad, nalangsa,[1424]

وَلَا تَجْعَلْ يَدَكَ مَغْلُوْلَةً اِلٰى عُنُقِكَ وَلَا تَبْسُطْهَا كُلَّ الْبَسْطِ فَتَقْعُدَ مَلُوْمًا مَّحْسُوْرًا ﴿٢٩﴾

30 Sayekti Pangéranira iku angluberaké rijeki marang sapa kang dadi kaparenging karsa-Né, sarta Panjenengané *amaringi miturut taker*; sayekti Panjenengané iku marang para kawula-Né Waspada, Angudanéni.

Ut. *nyumpi*

اِنَّ رَبَّكَ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَنْ يَّشَآءُ وَيَقْدِرُ ۗ اِنَّهٗ كَانَ بِعِبَادِهٖ خَبِيْرًا ۢ بَصِيْرًا ﴿٣٠﴾

RUKU' 4

Piwulang Budipakerti

31-33. Amejahi anak, lampah sèdhèng tuwin mejahi tiyang dipun awisi. 34. Rumeksa laré yatim sarta anetepi janji dipun dhawuhaken. 35. Kedah tansah ngangkah temen ing sabarang lampah. 36-38. Alus ing budi tuwin andhap asor dipun dhawuhaken. 39, 40. Manembah pangéran kathah dipun lepataken.

1422. اِخْوَانَ الشَّيٰطِيْنِ ۗ punika tegesipun *saduluré*, *mitrané*, lan *pandhèrèké sétan*, suraosipun *para atindak awon*. Sareng-sareng kaliyan andhawuhaken dadana, Quran ugi andhawuhaken ngirid-irid, dados ateges andhawuhaken nganggé margi ingkang tengah-tengah.

1423. Ngajap-ajap wilasa saking Pangéran punika tegesipun ambetahaken nugrahanipun Pangéran, terangipun malih: *boten gadhah punapa-punapa ingkang badhé dipun sukakaken dhateng tiyang miskin*. Manawi kados makaten kawontenanipun, ginemipun kémawon ingkang alus, sampun ngantos nyenthok-nyenthok lan mungel kasar, temahan nadyan boten saged ngènthèngaken rekaosipun tiyang miskin, saboten-botenipun patrapipun dhateng tiyang miskin wau alus boten kasar. Satunggaling hadits pangandika Nabi ngandikakaken bilih ngucapaken satembung kémawon tetembungan manuhara dhateng sasamining tiyang, punika kalebet èwonipun pandamel dadana.

1424. *Ambanda tangan ing gulu* punika mengku teges *kumed* anggénipun nanjakaken bandanipun, déné ngulur tangan ngantos wudhar punika: brah-bréh ngantos nelas-nelasaken gadhahanipun. Ayat punika wigatos paring tatanan ingkang umum cara ingkang pundi ingkang kedah dipun anggé samangsa nanjakaken bandhanipun, sarta punika ateges andhawuhaken supados tiyang punika ngirid-irid.

31 Lan aja sira padha matèni anak-anakira karana kuwatir kamlaratan; Ingsun aparing rijeki marang dhèwèké sarta marang sira (uga); sayekti, matèni dhèwèké iku kaluputan kang gedhé.[1425]

وَلَا تَقْتُلُوٓا أَوْلَادَكُمْ خَشْيَةَ إِمْلَاقٍ ۖ
نَحْنُ نَرْزُقُهُمْ وَإِيَّاكُمْ ۚ إِنَّ قَتْلَهُمْ
كَانَ خِطْـًٔا كَبِيرًا ﴿٣١﴾

32 Lan aja sira padha cedhak-cedhak laku bandrèk, sayekti, iku tindak jember sarta dadalan ala.[1426]

وَلَا تَقْرَبُوا الزِّنَىٰٓ إِنَّهُۥ كَانَ فَاحِشَةً ۖ
وَسَآءَ سَبِيلًا ﴿٣٢﴾

33 Lan aja sira padha matèni wong, kang Allah anglarangi (yèn dipatènana), kajaba kalawan bener; lan sapa sing dipatèni kalawan panganiaya, lah sayekti Ingsun aparing wewenang marang ahli warisé; ananging aja dhèwèké amlangkah garising bebener ing dalem anggoné matèni; sayekti dhèwèké iku tinulungan.[1427]

وَلَا تَقْتُلُوا النَّفْسَ الَّتِي حَرَّمَ اللَّهُ إِلَّا
بِالْحَقِّ ۗ وَمَنْ قُتِلَ مَظْلُومًا فَقَدْ
جَعَلْنَا لِوَلِيِّهِۦ سُلْطَانًا فَلَا يُسْرِفْ فِّي
الْقَتْلِ ۖ إِنَّهُۥ كَانَ مَنْصُورًا ﴿٣٣﴾

34 Lan aja sira padha cedhak-cedhak bandhaning bocah yatim, kajaba kalawan tuju kang banget becik, nganti dhèwèké tumeka diwasané, sarta di padha tuhu ing janji; sayekti (sadhéngah) janji iku bakal tinakokaké.

وَلَا تَقْرَبُوا مَالَ الْيَتِيمِ إِلَّا بِالَّتِي هِيَ
أَحْسَنُ حَتَّىٰ يَبْلُغَ أَشُدَّهُۥ ۖ وَأَوْفُوا
بِالْعَهْدِ ۚ إِنَّ الْعَهْدَ كَانَ مَسْئُولًا ﴿٣٤﴾

1425. Ing antawisipun bangsa Arab wonten tata-cara mejahi anakipun èstri, awit tiyang èstri makaten boten saged tumut nindakaken paprangan kanggé ngupajiwa, kadosta anjarah rayah (Rz). Nagari-nagari Nasrani ingkang sampun majeng ing jaman samangké langkung ambetahaken piwulang punika katimbang lan bangsa Arab nalika jaman kabodhoan, awit saya dangu saya katingal ngaléla ing antawisipun bangsa wau remen matesi kathahing anakipun utawi malah ngantos nyures babar pisan turunipun, sanajan inggih saged ugi anggènipun nindakaken sadaya wau mawi lampah sanès, boten sarana anekak utawi mendhem laré gesang-gesangan. Sudaning cacahipun kelahiran wonten kalanganipun bangsa ingkang sampun majeng wau dados bukti ingkang cetha ing wontenipun tata-cara punika.

1426. Lah, punika piawon sanèsipun malih ingkang ngrebda sareng-sareng kaliyan tumuwuhing kamajengan jaman samangké. Quran boten namung ngawisi zina kémawon, nanging maréntahaken manusa sampun ngantos celak-celak kaliyan lampah zina, kadosta nebihi samukawis ingkang sakinten saged anggèndèng ing tiyang dhumawah dhateng piawon wau.

1427. Ayat punika boten cecengkahan kaliyan punapa ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing 2: 178. Ukara ingkang mungel: *dhèwèké tinulungan* punika ambokmanawi kémawon mengku teges: pamaréntah wajib mitulungi piyambakipun sarana andadosaken tiyang ingkang dosa pejah karegem wonten ing panguwaosipun undhang-undhang, ahli waris boten nandukaken wawales sapurun-purun saking moganipun piyambak.

35 Lan padha dikebak ing taker samangsané sira naker, sarta nrajua kalawan traju kang jejeg bener; mangkono iku luwih becik lan luwih utama wusanané.

وَأَوْفُوا الْكَيْلَ إِذَا كِلْتُمْ وَزِنُوا بِالْقِسْطَاسِ
الْمُسْتَقِيمِ ۚ ذَٰلِكَ خَيْرٌ وَأَحْسَنُ تَأْوِيلًا ﴿٣٥﴾

36 Lan aja sira anut sabarang kang sira ora *weruh*;[1428] sayekti, pangrungu lan pandeleng sarta ati, iku kabèh bakal dinangu tumrap prakara iku.

وَلَا تَقْفُ مَا لَيْسَ لَكَ بِهِ عِلْمٌ ۚ إِنَّ
السَّمْعَ وَالْبَصَرَ وَالْفُؤَادَ كُلُّ أُولَٰئِكَ
كَانَ عَنْهُ مَسْئُولًا ﴿٣٦﴾

37 Lan aja sira lumaku ing bumi kalawan gumendhung, sayekti sira iku ora bisa ambelah bumi sarta ora bisa mapaki gunung mungguh ing dhuwuré.

وَلَا تَمْشِ فِي الْأَرْضِ مَرَحًا ۖ إِنَّكَ
لَنْ تَخْرِقَ الْأَرْضَ وَلَنْ تَبْلُغَ
الْجِبَالَ طُولًا ﴿٣٧﴾

38 Kabèh iku – alané – mungguh ing Pangéranira, sinengitan.

كُلُّ ذَٰلِكَ كَانَ سَيِّئُهُ عِنْدَ
رَبِّكَ مَكْرُوهًا ﴿٣٨﴾

39 Iki èwoné barang kang kawedharaké Pangéranira marang sira kang arupa kawicaksanan, lan aja sira angedegaké sesembahan liya sisihaning Allah, mundhak sira cinemplungaké ing naraka, cinacad, sinebrataké.

ذَٰلِكَ مِمَّا أَوْحَىٰ إِلَيْكَ رَبُّكَ مِنَ الْحِكْمَةِ ۗ
وَلَا تَجْعَلْ مَعَ اللَّهِ إِلَٰهًا آخَرَ فَتُلْقَىٰ فِي
جَهَنَّمَ مَلُومًا مَدْحُورًا ﴿٣٩﴾

40 Lah, apa ta Pangéranira amilihaké sira anak lanang-lanang sarta (Panjenenganè piyambak) mundhut putra wadon-wadon sawenèhing para malaikat! Sayekti, sira iku temen padha angucapaké pangucap kang anggigirisi.

أَفَأَصْفَاكُمْ رَبُّكُمْ بِالْبَنِينَ وَاتَّخَذَ مِنَ
الْمَلَائِكَةِ إِنَاثًا ۚ إِنَّكُمْ لَتَقُولُونَ قَوْلًا عَظِيمًا ﴿٤٠﴾

1428. Saupami dhawuh punika dipun tetepi punapa mesthinipun, yakti sawarnining pawartos babaratan lan raosan-raosan ingkang pating saruwing sumiyar wonten ing tengah-tengahing babrayan sirna sami sanalika, temahan kathah tiyang inggih jaler inggih èstri ingkang satemenipun boten lepat uwal saking rekaosing manah margi saking sumebaripun pawartos awon ingkang boten wonten watonipun. Ayat punika ugi ngawisi rembagan ingkang tanpa seserepan ingkang cetha, utawi nglahiraken pamanggih ingkang dèrèng kantenan leres-lepatipun. Saèstu, rahayu lan katentreman ingkang badhé pinanggih wonten ing tengah-tengahing babrayan, tur tebih saking sawarnining sasatron lan gegethingan, samangsa dhawuh punika dipun tetepi temenan.

RUKU' 5

Para kafir saya andadra

41-47. Para kafir saya andadra anggènipun angemohi. 48-52. Sami maiben dhateng gesang ing delahan.

41 Sayekti temen Ingsun wus angambal-ambali (pépéling) ing sajroning Quran iki, supaya dhèwèké padha élinga, ananging ora liya kajaba malah padha wuwuh ang pamaléngos.[1429]

وَلَقَدْ صَرَّفْنَا فِي هَٰذَا الْقُرْآنِ لِيَذَّكَّرُوا ۖ وَمَا يَزِيدُهُمْ إِلَّا نُفُورًا ﴿٤١﴾

42 Calathua: Manawa ana sesembahan-sesembahan sisihané Panjenengané kaya pangucapé dhèwèké, amasthi dhèwèké bakal padha bisa ngupaya dadalan marang Kang-
a. 895 Kagungan-kraton.[a1430]

قُل لَّوْ كَانَ مَعَهُ آلِهَةٌ كَمَا يَقُولُونَ إِذًا لَّابْتَغَوْا إِلَىٰ ذِي الْعَرْشِ سَبِيلًا ﴿٤٢﴾

43 Mahasuci Panjenengané sarta Mahaluhur, dhuwur nyamut-nyamut saka apa kang padha diucapaké.

سُبْحَانَهُ وَتَعَالَىٰ عَمَّا يَقُولُونَ عُلُوًّا كَبِيرًا ﴿٤٣﴾

a. 46 44 Langit pipitu[a] sarta bumi tuwin sapa kang ana ing kono padha mahasucèkaké ing Panjenengané: lan ora ana barang siji-sijia kang ora mahasucèkaké kalawan

تُسَبِّحُ لَهُ السَّمَاوَاتُ السَّبْعُ وَالْأَرْضُ وَمَن فِيهِنَّ ۚ وَإِن مِّن شَيْءٍ إِلَّا يُسَبِّحُ

1429. Sampun cetha karsaning Pangéran angambal-ambali bukti-bukti lan tandha-tandha yakti wonten ing Quran punika supados para titiyang wau sami purun mikir-mikir. Nanging saya kathah pèpènget ingkang dipun paringaken dhateng piyambakipun jebul inggih saya sanget anggènipun sami angemohi, dadosipun saben wonten dhawuh Quran ingkang énggal tumurun, boten dados pèpènget tumrap para titiyang wau, nanging malah dados jalaraning para titiyang wau saya angemohi. Inggih awit saking punika mila katembungaken: dhawuh wau mewahi anggènipun sami angemohi. Dados menggah ing sajatos-jatosipun dhawuh énggal wau sanès sabab ingkang baku tumrap emohipun para titiyang wau, nanging namung murugaken para titiyang wau angsal wewahan barang ingkang dipun emohi. Punika ugi dados pasaksèn bilih katrangan ing 24 leres.

1430. Terangipun: yekti para titiyang wau saged menang kaliyan para Muslimin margi dipun biyantu déning sesembahan-sesembahanipun, awit para titiyang wau sami anggadhahi panganggep bilih sesembahan-sesembahanipun wau dados pantawis antawising piyambakipun kaliyan Allah; wangsul para Muslimin, margi sami angemohi brahala-brahala, dadosipun sami boten keparek ing Allah, milanipun tangèh lamun angsal pitulung saking Panjenenganipun anggèning badhé ngawonaken mengsah-mengsahipun. Utawi saged ugi ingkang dipun karsakaken ing pangandika punika piguna ruhani ingkang pinakolih ing manusa déning keparek ing Pangéran, inggih Tuking Kasucian. Saupami kapara nyata brahala-brahala punika murugaken para titiyang wau keparek ing Pangéran, yekti sampun rumiyin-rumiyin para manembah brahala wau sami tebih saking sawarnining jejember.

pangalembana-Né, ananging sira padha ora mangerti anggoné padha mahasucèkaké; sayekti Panjenengané iku Aris, Paramarta.[1430A]

بِحَمْدِهٖ وَلٰكِنْ لَّا تَفْقَهُوْنَ تَسْبِيْحَهُمْ ۗ اِنَّهٗ كَانَ حَلِيْمًا غَفُوْرًا ﴿٤٤﴾

Ar. *lan antarané*

45 Lan samangsa sira maca Quran, Ingsun andokokaké aling-aling kang sinamar[1431] ing antaranira *lan* para kang padha ora angèstu ing akhirat;

وَاِذَا قَرَاْتَ الْقُرْاٰنَ جَعَلْنَا بَيْنَكَ وَبَيْنَ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ حِجَابًا مَّسْتُوْرًا ﴿٤٥﴾

46 Lan Ingsun andokokaké tutup ing ati-atiné sarta tindhih ing kuping-kupingé, supaya dhèwèké padha ora mangerti (marang) iku, lan samangsa sira nyebut Pangéranira pribadi ing dalem Quran, padha angungkuraké gegeré saking pamalèngosé.[1432]

وَّجَعَلْنَا عَلٰى قُلُوْبِهِمْ اَكِنَّةً اَنْ يَّفْقَهُوْهُ وَفِيْٓ اٰذَانِهِمْ وَقْرًا ۗ وَاِذَا ذَكَرْتَ رَبَّكَ فِى الْقُرْاٰنِ وَحْدَهٗ وَلَّوْا عَلٰٓى اَدْبَارِهِمْ نُفُوْرًا ﴿٤٦﴾

47 Ingsun luwih wikan marang apa kang padha dirungokaké nali-

نَحْنُ اَعْلَمُ بِمَا يَسْتَمِعُوْنَ بِهٖٓ اِذْ

1430A. Ing ngriki kasebutaken bilih sagung bawana sami mahasucèkaken ing Allah. Tasbîh punika sami kaliyan tanzîh, jawinipun angundhangaken bilih Pangéran punika suci saking sawarnining cacad lan suci saking sawarnining ingkang nama baten suci, utawi saking sawarnining barang ingkang nyuda kaluhuran-Ipun (LL). Sampun tamtu kémawon ngundhangaken makaten wau boten kedah sarana lésan lan sarana tetembungan. Menggah ing sajatos-jatosipun gumantungipun sagung titah dhateng Ingkang-Nitahaken sarta boten sampurnanipun sagung titah wau, punika sampun dumunung mahasucèkaken lan mahaluhuraken dhateng Ingkang-Nitahaken.

1431. Aling-aling ingkang sinamar punika boten sanès inggih aling-aling ingkang dipun damel piyambak margi saking anggènipun sami angemohi, kados déné ingkang kapratélakaken kalayan cetha wonten ing ayat 41. Miturut ayat wau, Gusti Allah anurunaken Quran punika supados dados pèpènget tumrap para titiyang wau, nanging margi saking anggènipun sami angemohi, dadosipun ing antawisipun Quran lan piyambakipun lajeng wonten aling-alingipun.

1432. Saweg suraos ing pangandika kémawon sampun cekap kanggé nyingkiraken paham ingkang boten leres, ingkang amastani bilih ayat-ayat saminipun ayat punika mengku teges bilih tiyang ingkang sami angemohi Quran punika pancèn sampun tinamtu (pineksa) déning Pangéran Piyambak boten kénging boten kedah kados makaten. Leres, sampun boten wonten semang-semangipun malih kasebutaken bilih ingkang masang tutup wonten ing manah saha sumpel wonten ing kupingipun para kafir punika Allah, awit ingkang nyababaken sadaya barang punika manawi dipun tlusur andhokipun tamtu inggih dhateng Panjenenganipun. Nanging kados pundi dumadosipun tutup lan sumpel wau, wonten ing wekasanipun ayat punika ugi kasebutaken kalayan terang. Inggih punika: margi para titiyang wau mirengaken kémawon sami boten purun manawi wonten tiyang nyebut asmanipun Allah, sarta sami malèngos saking sabda-Nipun, mila ing wasananipun lajeng kasumpelan kupingipun lan katutupan manahipun. Allah ingkang masang sadaya wau, nanging anggèning Panjenenganipun masang wau margi saking kawontenaning manah saha kupingipun para tiyang wau piyambak. Bab punika langkung terang malih kasebutaken wonten ing 7: 179 makaten: "Dhèwèké padha duwé ati, iku ora dianggo mangertèni; lan padha duwé mripat, iku ora padha dianggo andeleng; lan padha duwé kuping, iku ora dianggo angrungokaké."

kané dhèwèké padha ngrungokaké marang sira, lan nalikané padha wawan gunem dhedhemitan, tatkala para atindak dudu padha calathu: Kowé iku ora liya kajaba mung manut marang wong lanang kang *tanpa nalar*.

Ut. *kena ing kemayan*

يَسْتَمِعُونَ إِلَيْكَ وَإِذْ هُمْ نَجْوَىٰ إِذْ يَقُولُ الظَّٰلِمُونَ إِنْ تَتَّبِعُونَ إِلَّا رَجُلًا مَسْحُورًا ﴿٤٧﴾

48 Delengan, kapriyé anggoné padha ngupamakaké sira! Mulané dhèwèké padha sasar, satemah padha ora olèh dalan.

انْظُرْ كَيْفَ ضَرَبُوا لَكَ الْأَمْثَالَ فَضَلُّوا فَلَا يَسْتَطِيعُونَ سَبِيلًا ﴿٤٨﴾

49 Lan dhèwèké padha calathu: Lah! apa manawa aku wis padha dadi balung sarta ajur abosok, apa iya bakal ditangèkaké temenan dadi titah anyar?

وَقَالُوا أَءِذَا كُنَّا عِظَٰمًا وَرُفَٰتًا أَءِنَّا لَمَبْعُوثُونَ خَلْقًا جَدِيدًا ﴿٤٩﴾

50 Calathua: dadia watu utawa wesi,

قُلْ كُونُوا حِجَارَةً أَوْ حَدِيدًا ﴿٥٠﴾

51 Utawa sawijining titah kang tumrapé ing *angen-angenira* banget (bisané dadi urip)![1433] Ananging dhèwèké bakal padha calathu: Sapa sing bakal ambalèkaké aku? Calathua: Kang-Nitahaké sira sakawit biyèn. Éwadéné bakal padha anggèdhègaké sirahé marang sira sarta padha calathu: Bésuk kapan iku? Calathua: Bokmanawa iku wis cepak.[1434]

Ar. *dhadhanira*

أَوْ خَلْقًا مِمَّا يَكْبُرُ فِي صُدُورِكُمْ ۚ فَسَيَقُولُونَ مَنْ يُعِيدُنَا ۖ قُلِ الَّذِي فَطَرَكُمْ أَوَّلَ مَرَّةٍ ۚ فَسَيُنْغِضُونَ إِلَيْكَ رُءُوسَهُمْ وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هُوَ ۖ قُلْ عَسَىٰ أَنْ يَكُونَ قَرِيبًا ﴿٥١﴾

1433. Bangsa Arab sami maiben ing wontenipun gesang sasampuning pejah déné ingkang minangka buktinipun: piyambakipun sami badhé sirna tanpa tilas, tangèh lamun yèn ta badhé dipun gesangaken malih. Para titiyang wau lajeng dipun paringi wangsulan bilih gesang sasampuning pejah mesthi badhé kalampahan, sanajan piyambakipun saged malih dados séla. Gesang ruhani ingkang sami dipun alami margi saking lalabetanipun Kanjeng Nabi, sanajan ta piyambakipun punika sami wangkot, saking wangkotipun ngantos “mèh kaya watu, utawa luwih atos manèh” (2: 74), punika dados bukti ingkang cetha wéla-wéla bilih pratélan ing ayat punika mesthi badhé kalampahan saèstu.

1434. Gèdhèg punika sasmita boten ngandel dhateng satunggaling barang. Dhawuh wangsulan ingkang mungel: *Bokmanawa iku wis cepak* punika ingkang dipun karsakaken gesang ruhani ingkang badhé dipun alami tanah Arab, ingkang sapunika saweg salebetipun dipun gesangaken malih lantaran Kanjeng Nabi, minangka pasaksèn ing wontenipun kiyamat ageng bénjing ing jaman akhir. Ayat candhakipun anerangaken langkung gamblang malih bab punika: *tumuli sira bakal padha nyandikani kalawan pangalembana ing Panjenengané*. Sadasa taun ing sasampunipun punika saindhenging tanah Arab gumer kumandhanging suwantenipun tiyang mumuji ing Pangéran.

52 Ing dinané Panjenengané animbali sira, tumuli sira bakal padha nyandikani kalawan pangalembana ing Panjenengané, sarta sira bakal padha nyana, manawa pamanggonira mung sadhéla.

يَوْمَ يَدْعُوكُمْ فَتَسْتَجِيبُونَ بِحَمْدِهِۦ وَتَظُنُّونَ إِن لَّبِثْتُمْ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٥٢﴾

RUKU' 6

Mesthi atemahan dipun siksa

53, 54. Para angèstu kedah manis dhateng para ingkang milawani. 55-60. Pidana dhateng murang yekti punika angger-anggering Pangéran.

53 Lan calathua marang para kawula-Ningsun, supaya padha calathua kang becik; sayekti sétan iku nyebar cocongkrahan ing antarané dhèwèké; sayekti sétan iku tumrapé marang manusa mungsuh kang cetha.[1435]

وَقُل لِّعِبَادِى يَقُولُوا۟ ٱلَّتِى هِىَ أَحْسَنُ ۚ إِنَّ ٱلشَّيْطَـٰنَ يَنزَغُ بَيْنَهُمْ ۚ إِنَّ ٱلشَّيْطَـٰنَ كَانَ لِلْإِنسَـٰنِ عَدُوًّا مُّبِينًا ﴿٥٣﴾

54 Pangéranira iku luwih udani marang sira; manawa dadi karsa-Né, Panjenengané aparing wilasa marang sira, utawa manawa dadi karsané Panjenengané aparing siksa ing sira; lan anggon-Ingsun angutus sira iku ora supaya sira dadi juru-ngreksa marang dhèwèké.[1436]

رَّبُّكُمْ أَعْلَمُ بِكُمْ ۖ إِن يَشَأْ يَرْحَمْكُمْ أَوْ إِن يَشَأْ يُعَذِّبْكُمْ ۚ وَمَآ أَرْسَلْنَـٰكَ عَلَيْهِمْ وَكِيلًا ﴿٥٤﴾

1435. Ing dhawuh punika para Muslimin kadhawuhan ingkang alus samangsa wicantenan kaliyan para tiyang kafir. Dipun cariyosaken nalika para Muslimin sami wadul dhateng Kanjeng Nabi manawi sami dipun ungeli awon déning para menembah brahala, para Muslimin sami dipun dhawuhi ingkang alus lan dipun awisi males mungel awon (JB). Luhuring bubudèn kados ingkang kagelar wonten ing piwulang punika pranyata tanpa sama. Para angèstu tuwuk panganiaya ingkang sakalangkung wengis saking tanganipun para titiyang kafir, kalebet ugi dipun gugujeng lan dipun ungeli awon. Para kafir dèrèng marem namung dumugi samanten, milanipun sapunika lajeng wiwit tumindak badhé anyirnakaken Islam ingkang ngantos tapis. Suprandéné minangka wawalesipun panganiaya lan pangawon-awon wau sadaya, Islam andhawuhaken: *Lan calathua marang para kawula-Ningsun (para Muslimin) supaya padha calathu kang becik.* Punapa sababipun? Awit ingkang nukulaken pasulayan punika sétan (Tembung sétan punika asring mengku teges *tukang damel wisuna*). Kados sampun cetha pangandika punika mengku teges bilih pasulayan wau namung wonten ing jawi; golongan kakalih wau mesthi badhé manunggil malih. Utawi inggih saged ugi *'ibâdî* wau ateges para mengsah (Rz), langkung-langkung para titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani, tandhanipun pangandika candhakipun mawi nyebutaken Kanjeng Nabi Dawud lan kitab Zabur. Manawi makaten lajeng mengku suraos para mangsah kadhawuhan mantuni anggènipun sami ngawon-awon Islam, awit boten dangu malih mesthi sami badhé keduwung.

1436. Dipun pèngetana bilih ing ayat punika, boten prabéda lan ing panggènan sanès-sanèsipun,

55 Lan Pangéranira iku luwih udani marang sapa-sapa kang ana ing langit-langit lan bumi; lan sayekti temen Ingsun wus andadèkaké sawenèhing para nabi angung-kuli liyané,[1437] lan Ingsun wis amaringi pustaka marang
a. 527 Dawud.[a]

وَرَبُّكَ اَعْلَمُ بِمَنْ فِي السَّمٰوٰتِ
وَالْاَرْضِ ۗ وَلَقَدْ فَضَّلْنَا بَعْضَ النَّبِيّٖنَ
عَلٰى بَعْضٍ وَّاٰتَيْنَا دَاوٗدَ زَبُوْرًا ﴿٥٥﴾

56 Calathua: Padha nyunyuwuna marang kang padha sira anggep, saliyané Panjenengané; lan ora bakal dhèwèké bisa ambirat riribed saka ing sira, lan ora (bakal bisa) ngelih.

قُلِ ادْعُوا الَّذِيْنَ زَعَمْتُمْ مِّنْ دُوْنِهٖ
فَلَا يَمْلِكُوْنَ كَشْفَ الضُّرِّ عَنْكُمْ وَلَا تَحْوِيْلًا ﴿٥٦﴾

57 Para kang padha disusuwuni, padha ngupaya lantaran marek marang Pangérané – dhèwèké, endi sing luwih parek – sarta padha angarep-arep wilasa-Né; apa déné padha wedi siksané, sayekti, siksané Pangéranira iku barang kang kudu diwedèni.[1438]

اُولٰٓئِكَ الَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ يَبْتَغُوْنَ اِلٰى
رَبِّهِمُ الْوَسِيْلَةَ اَيُّهُمْ اَقْرَبُ وَيَرْجُوْنَ
رَحْمَتَهٗ وَيَخَافُوْنَ عَذَابَهٗ ۗ اِنَّ عَذَابَ
رَبِّكَ كَانَ مَحْذُوْرًا ﴿٥٧﴾

---

ingkang kasebutaken langkung rumiyin nugraha, ingkang makaten punika anedahaken bilih nugrahanipun Pangéran punika langkung katengen katimbang lan wawalesipun Pangéran. Awit saking punika para mengsah kaparingan langkung kathah pangajeng-ajengipun angsal nugraha katimbang lan ajrihipun dhateng pidana.

1437. Manawi kapangandikakaken bilih sawenèh nabi kadamel ngungkuli sanèsipun, punika sampun mengku teges kaluhuranipun Kanjeng Nabi ngungkuli nabi sanès-sanèsipun. Déné wontenipun asmanipun Kanjeng Nabi Dawud kasebutaken kalayan mligi, awit kados déné ingkang kasebut ing Zabur, panjenenganipun nyuwun leburipun mengsah-mengsahipun, wangsul ayat kakalih ing nginggil wau anedahaken bilih Kanjeng Nabi kadhawuhan ingkang saé garapipun dhateng mengsah-mengsahipun. Déné panyuwunipun Kanjeng Nabi Dawud murih mengsah-mengsahipun sami kadhawahan laknat lan sami lebur, cekap kapethikaken saking Zabur sekedhik minangka conto: “Dhuh Allah, ... untunipun ing cangkem mugi Tuwan rampali ...... sami dadosa ajèr kados toya ingkang ambalabar ...... lampahipun kadosa bekingking ingkang saya ajèr, sami kadosa lésaning tiyang èstri keluron ingkang boten ngantos aningali srengéngé” (Zabur 58: 6-8). “Tiyang cidra dursila punika sampun ngantos wonten ingkang Tuwan welasi” (Zabur 59: 6). “Sami kajireta sarana piyangkuhipun piyambak .... sami katumpesa kalayan bebendu, katumpesa ngantos tapis” (Zabur 59: 13).

1438. Ingkang dipun karsakaken déning ayat punika saha ayat ingkang sampun punika sajakipun bab manembah para nabi, para tiyang suci tuwin para rabbi-rabbi (para pandhita Yahudi) ingkang katindakaken déning para titiyang Nasrani lan para titiyang Yahudi. Nalika nerangaken pangandika *Para kang padha disusuwuni* wau, JB mewahi katrangan makaten: *kadosta para malaikat,Kanjeng Nabi ‘Isa, ibunipun Kanjeng Nabi ‘Isa lan ‘Uzair*. Sesembahan-sesembahan wau piyambak sami ngajeng-ajeng nugrahaning Pangéran lan ajrih pidananipun Pangéran. Satunggaling tiyang, punika saya keparek dhateng Pangéran, inggih saya ageng pangajeng-ajengipun dhateng nugrahaning Pangéran lan saya ageng ajrihipun dhateng pidananipun Pangéran.

58 Lan sarupaning kutha, iku ora kena ora, masthi Ingsun lebur ing sadurungé dina kiyamat, utawa Ingsun siksa kalawan siksa kang keras; iku wus katulis ing sajroning Kitab.[1439]

وَإِن مِّن قَرْيَةٍ إِلَّا نَحْنُ مُهْلِكُوهَا قَبْلَ يَوْمِ الْقِيَامَةِ أَوْ مُعَذِّبُوهَا عَذَابًا شَدِيدًا ۚ كَانَ ذَٰلِكَ فِي الْكِتَابِ مَسْطُورًا ﴿٥٨﴾

59 Lan ora ana kang bisa angalang-alangi Ingsun anurunaké *timbalan-timbalan*, kajaba déné iku wong biyèn-biyèn padha *maido*;[1440] lan Ingsun wus amaringi unta wadon marang Tsamud – tandha kang melok – ananging dhèwèké padha atindak dudu sarana (matèni) iku; lan ora liya Ingsun anurunaké tandha-tandha iku kajaba supaya (wong-wong) padha wedia.

Ut. *tandha-tandha*

Ut. *nampik*

وَمَا مَنَعَنَا أَن نُّرْسِلَ بِالْآيَاتِ إِلَّا أَن كَذَّبَ بِهَا الْأَوَّلُونَ ۚ وَآتَيْنَا ثَمُودَ النَّاقَةَ مُبْصِرَةً فَظَلَمُوا بِهَا ۚ وَمَا نُرْسِلُ بِالْآيَاتِ إِلَّا تَخْوِيفًا ﴿٥٩﴾

60 Lan nalikané Ingsun ngandika marang sira: Sayekti, Pangéranira iku anglimputi marang

وَإِذْ قُلْنَا لَكَ إِنَّ رَبَّكَ أَحَاطَ بِالنَّاسِ ۚ

1439. Punika sampun dados angger-angger, babading manusa suka pasaksèn ingkang cetha pratélan menggah ing kayektènipun. Padhukuhan-padhukuhan lan kitha-kitha ingkang reja kathah tiyangipun ing satunggaling jaman, punika patilasanipun jaman sanès ing sadèrèngipun. Angger-angger wau sampun tumindak wiwit ing jaman kina ngantos ing jaman sapunika ugi. Sang kala (jaman) tansah ngririsak padunungan lami, nanging inggih ngedegaken ingkang anyar grès minangka gegentosipun.

1440. Tiyang asring klèntu anggènipun nyuraos ayat punika. Nanging, boten prabéda lan ing panggènan sanès-sanèsipun kathah sanget, seling-serep wau tuwuh awit saking kirang titi utawi cupet ing panampi. Kados déné ingkang katerangaken ing 67, tembung *âyat* punika mengku teges warni kalih, *timbalan* utawi *ayahan* saha ateges *tandha*. Teges ingkang sapisan wau teges ingkang asring dipun anggé, kajawi manawi ing ngriku wonten pangandika ingkang anedahaken bilih teges ingkang angka kalih wau ingkang kedah dipun anggé. Rèhning ayahaning Pangéran punika mesthi dipun emohi ing sakawit, milanipun teges ingkang sapisan wau ingkang kénging dipun anggé tumrap ing pangandika punika; déné suraosipun: ingkang sakinten dados alangan lastantun tumuruning ayahanipun Pangéran dhateng turunan-turunan ingkang tansah gilir-gumantos, punika namung saprakawis, inggih punika anggènipun ayahan wau dipun emohi déning turunan ingkang sapisan. Nanging nalar ingkang makaten punika boten naté ngalang-alangi Pangéran anggènipun anurunaken ayahan dhateng turunan ingkang kantun-kantun. Inggih kados makaten punika ugi suraosipun, manawi teges satunggalipun ingkang kaserat wonten ing margin ingkang dipun anggé. Sampun cetha awéla-wéla manawi ayat punika boten anduwa tumurunipun tandha-tandha yakti, jalaran ayat punika winekasan kalayan pratélan bilih *tandha yakti punika anggènipun katurunaken supados manusa sami ajrih*. Sarta malih ayat candhakipun anetepaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang bilih nadyan sapunika ugi *dhèwèké padha Ingsun wedèkaké*, ingkang boten wonten sanès malih kajawi namung asarana anurunaken tandha-tandha yakti. Suraosipun sampun cetha: Manawa ana barang kang sakira bisa dadi alangan anggon-lngsun anurunaké tandha-tandha yakti, lah anggoné padha angemohi umat kang dhisik iku kang dadi alangan; nanging Ingsun tan pegat Mahaasih, sanajan sawijining umat angemohi tandha-tandha-yekti-Ningsun, ora alangan tumrap Ingsun anurunaké tandha-tandha-yekti-Ningsun marang turunan kang kari.

manusa.[1440A] Lan ora liya, luyut kang Ingsun pintonaké marang sira iku, kajaba Ingsun dadèkaké coba tumrap para manusa,[1441] mangkono uga wit kang kabendon[1442] ing

وَمَا جَعَلْنَا الرُّءْيَا الَّتِىٓ اَرَيْنٰكَ اِلَّا فِتْنَةً لِّلنَّاسِ وَالشَّجَرَةَ الْمَلْعُوْنَةَ فِى الْقُرْاٰنِ ؕ

1440A. *Ihâthah*, *anglimputi*, punika wonten ing Quran Suci kagemipun kalayan mengku raos *ngregem kados badhé anglebur*. Tembung manusa ing ngriki terang ateges para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi. Déné piweca punika wigatos amecakaken leburipun babar pisan para titiyang wau, inggih punika ingkang badhé kalampahan nalika bedhahipun nagari Makkah (Rz).

1441. Para mufassirin ingkang sapérangan kathah sami sarujuk bilih ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika mi'rajipun Kanjeng Nabi (Bkh, Rz), ingkang sampun aparing janji dhateng panjenenganipun bilih badhé manggih kabegjan (angsal damel kautusipun) kalayan ageng-agengan ing sasampunipun Hijrah, awit inggih kados makaten punika kedahipun nyuraos mi'raj punika (mirsanana 1410). Ing kalanganipun para ngulami wonten pasulayaning pamanggih, nalika Kanjeng Nabi mi'raj punika kalayan sariranipun wadhag punapa ruhani. Ingkang kathah sami nganggé pamanggih ingkang sapisan (wadhag), nanging ing antawisipun para ingkang ngugemi pamanggih ingkang angka kalih (ruhani), kalebet ugi para linangkung kadosta: Siti 'Aisyah lan sahabat Mu'awiyah. Awawaton sabda pangandikanipun Quran ingkang cetha pratéla punika, pamanggihipun tiyang ingkang sebagéan kathah wau kedah katulak, awit pangandika ingkang terang gamblang wau nyebutaken manawi mi'raj punika *luyut kang Ingsun pintonaké marang sira*. Asring kémawon Quran anyebutaken luyut tanpa mawi kasebutaken manawi punika luyut. Milanipun manawi Quran piyambak mangandikakaken kalayan ceplos manawi mi'raj punika luyut, lah inggih sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi punika pranyata luyut. Leres, pangandikanipun Kanjeng Nabi boten nerangaken luyut punapa sanès luyut, nanging gancaring cariyos nedahaken manawi punika luyut. Kadosta ing satunggaling hadits ingkang dipun riwayataken lumantar Syarik kasebutaken bilih malaikat ngrawuhi panjenenganipun (Kanjeng Nabi) في ليله اخرى فيما يرى قلبه وتنام عينه ولا ينام قلبه jawinipun: *ing wengi liya nalika panggalihé mirsani lan nétrané saré nanging ora saré panggalihé*. Ing wekasaning hadits wau wonten tetembunganipun makaten: واستيقظ وهو في مسجد الحرام jawinipun: *panjenengané banjur wungu lan panjenengané ana ing masjidilharam* (Padaleman Suci) (Bkh. kitabu Tauhid). Ing hadits sanèsipun malih katerangaken kawontenan ingkang dipun alami Kanjeng Nabi nalika mi'raj punika makaten بينا انا بين النائم واليقظان jawinipun: *nalika aku ana ing kaanan antarané turu karo melèk*. Menggah ing sajatos-jatosipun nyata temenan panjenenganipun boten saré; panjenenganipun wonten ing salebeting kawontenan luyut lan sanès kawontenan supena, nanging inggih sanès mi'raj punika mi'raj wadhag. Nyata saèstu panjenenganipun kasowanaken dhateng Pangayunanipun Pangéran, sarta panjenenganipun kaparingan pirsa kaèlokan-kaèlokan adiluhung; nanging anggènipun kasowanaken wau kalayan sarira ruhani, sarta nalika panjenenganipun mirsani kaèlokan-kaèlokan wau kalayan nétra ruhani, dados boten teka ngagem sarira wadhag lan nétra wadhag, jalaran barang-barang bangsa ruhani, punika namung saged dipun tingali kalayan mripat ruhani. Sarta luyut wau mengku teges ingkang wigatos. Nalika panjenenganipun mirsani kawontenan wau sadaya, panjenenganipun saweg ngalami kawontenan, ingkang manawi manut panyawangipun manusa kalangkung déning apes; ing kala punika panjenenganipun kaparingan pirsa kabegjan ageng ingkang badhé dipun panggih ing wekdal ingkang badhé dhateng. Para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, kados adat sabenipun, boten ngandel dhateng luyut kados makaten wau, sarta anggugujeng panjenenganipun.

1442. Wit ingkang dipun laknati punika *wit zaqqûm* (Rgh). Miturut Quran Suci saben pandamel saé punika wit saé lan saben pandamel awon punika wit awon. Tembung *zaqqûm* (ingkang tegesipun katerangaken wonten ing angka 2111) punika wonten sisifatanipun ingkang miyambaki, inggih punika kadadosan saking aksara kakalih ingkang wiwitan lan aksara ingkang wekasaning dalem ukara: ذق انك انت العزيز الكريم jawinipun *Rasakna, satuhu kowé iku kang kinawasa, kang minulya*, inggih punika ukara ingkang kagem mangandikani para ingkang wonten naraka (44: 49). Salah

dalem Quran; lan dhèwèké padha Ingsun wedèkaké, éwadéné ora liya kajaba mung padha wuwuh pandaluyané kang abanget.

وَنُخَوِّفُهُمْ ۙ فَمَا يَزِيدُهُمْ إِلَّا طُغْيَانًا كَبِيرًا ﴿٦٠﴾

RUKU' 7

Panglawanipun sétan dhateng para tulus

61-65. Sétan anggènipun merangi manusa. 66-69. Tiyang punika manawi kataman riribed lajeng angidhep ing Allah. 70. Allah andadosaken manusa angungkuli titah sanès.

61 Lan nalikané Ingsun ngandika marang para malaikat: Padha
a. 56 sumungkema marang Adam[a], tumuli padha sumungkem, ananging
b. 57, 58 iblis ora.[b] Unjuké: Punapa kawula sumungkem dhateng tiyang ingkang Tuwan dadosaken saking
c. 862 lebu?[c]

وَإِذْ قُلْنَا لِلْمَلَائِكَةِ اسْجُدُوا لِآدَمَ فَسَجَدُوا إِلَّا إِبْلِيسَ قَالَ أَأَسْجُدُ لِمَنْ خَلَقْتَ طِينًا ﴿٦١﴾

62 Unjuké: Mugi Tuwan andunungaken ing kawula, punapa punika, ingkang Tuwan mulyakaken angungkuli kawula? Manawi Tuwan kapareng anyumenèkaken
d. 84 kawula dumugi dinten kiyamat,[d] amasthi saèstu turunipun badhé kawula lebur, kajawi ingkang sakedhik.

قَالَ أَرَأَيْتَكَ هَٰذَا الَّذِي كَرَّمْتَ عَلَيَّ لَئِنْ أَخَّرْتَنِ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ لَأَحْتَنِكَنَّ ذُرِّيَّتَهُ إِلَّا قَلِيلًا ﴿٦٢﴾

63 Panjenengané ngandika: Lungaa! Déné dhèwèké, endi kang padha manut sira, lah sayekti, naraka iku wawales (marang sira) sakanca, wawales kang ganep:

قَالَ اذْهَبْ فَمَن تَبِعَكَ مِنْهُمْ فَإِنَّ جَهَنَّمَ جَزَاؤُكُمْ جَزَاءً مَّوْفُورًا ﴿٦٣﴾

satunggaling katranganipun wit ingkang dipun laknati, inggih punika dados cobi tumrap para kafir, andharanipun kasebutaken wonten ing 2111. Nanging wontenipun bab punika kapratélakaken wonten ing pangandika ngriki, punika wigatos kanggé nisihi katrangan bab luyut ingkang dipun alami Kanjeng Nabi, sarta kakalihipun punika sami déné mengku teges ingkang lebet. Luyutipun Kanjeng Nabi mengku teges kamenanganipun Kanjeng Nabi bénjing ing wekdal ingkang badhé dhateng sarta anyasmitani kaluhuran ingkang badhé dipun gayuh Islam; wondéné pratélan ingkang kasebutaken wonten ing panggènan sanès, bilih wit *zaqqûm* punika tedhanipun para tiyang dosa (44: 43, 44), punika mengku piweca ingkang mecakaken leburipun mengsah-mengsahing Islam, wigatos mangandikani para tiyang dosa wau bilih piyambakipun sami kasadhiyanan tetedhan ingkang saged adamel pejah. Lah inggih piweca warni kalih punika ingkang dipun gugujeng déning para mengsah, awit saking punika dadosipun piweca-piweca punika cobi tumrap para titiyang wau. Dados, sampun cetha sanget punapa sababipun déné luyutipun Kanjeng Nabi lan pratélan bab wit ingkang dipun laknati kasebutaken dados satunggal. Kamenanganipun Islam kaliyan leburipun mengsah, punika prakawis warni kalih ingkang sasambetan rapet boten kénging pinisah.

64 Lan dhèwèké padha cinthungen, endi sing sira bisa, kalawan swara nira, lan sira disarosa ngalahaké dhèwèké[1443] kalawan jajaranan sarta dharat,[1444] apa déné sira nyakuthonana dhèwèké ing dalem (prakara) bandha lan anak,[1445] tuwin padha wènèhana kasaguhan; lan ora liya, sétan iku anggoné anyaguhi dhèwèké, kajaba mung apus-apus.

وَاسْتَفْزِزْ مَنِ اسْتَطَعْتَ مِنْهُمْ بِصَوْتِكَ
وَأَجْلِبْ عَلَيْهِمْ بِخَيْلِكَ وَرَجِلِكَ وَشَارِكْهُمْ
فِي الْأَمْوَالِ وَالْأَوْلَادِ وَعِدْهُمْ ۚ وَمَا
يَعِدُهُمُ الشَّيْطَانُ إِلَّا غُرُورًا ﴿٦٤﴾

65 Sayekti, para kawula-Ningsun, iku sira ora duwé wisésa marang dhèwèké;[1446] lan wis cukup Pangéranira iku minangka Pangayoman.

إِنَّ عِبَادِي لَيْسَ لَكَ عَلَيْهِمْ سُلْطَانٌ ۚ
وَكَفَىٰ بِرَبِّكَ وَكِيلًا ﴿٦٥﴾

66 Pangéranira iku kang anglakokaké prau ing sagara makolèhi ing sira, supaya sira padha ngupaya lubèring paparing-É; sayekti Panjenengané iku marang sira pancèn asih.

رَبُّكُمُ الَّذِي يُزْجِي لَكُمُ الْفُلْكَ فِي الْبَحْرِ
لِتَبْتَغُوا مِنْ فَضْلِهِ ۚ إِنَّهُ كَانَ بِكُمْ رَحِيمًا ﴿٦٦﴾

1443. Ukara جلب جلبة ثم امكن punika jawinipun: *kakèhan gludhug kurang udan*, inggih punika kanggé nembungaken tiyang jirih ingkang nantang-nantang nanging lajeng kèndel kémawon (LL). Sétan, ingkang ing ngriki kasamekakaken kaliyan tiyang jirih, ingkang remen ngungasaken kakiyatanipun nanging sajatosipun namung sakedhik balanipun, sarta manawi wantun nglawan sawatawis, lajeng mundur palarasan. Miturut I'Ab *sadhéngah ingkang ajak-ajak ambaléla ing Allah, punika sétan ingkang anguwuh-uwuh* (JB).

1444. Wadyabalanipun sétan punika boten sanès inggih para titiyang ingkang sami anindakaken pandamel awon; tiyang ingkang rikat anggènipun dhateng awon kasanépakaken kados déné prajurit kakapalan, déné ingkang lumampah alon-alonan wonten ing margining awon kasanépakaken kaliyan prajurit dharat. Miturut JB, *kapalipun sétan lan sukunipun sétan* punika ateges *sadhéngah tiyang nunumpak ingkang rikat lan tiyang ingkang lumampah dharat kalawan alon-alon wonten ing pandaga.*

1445. Sétan nyakutoni bandha punika ateges *samukawis ingkang katanjakaken kalayan boten apsah utawi ingkang anggènipun angsal boten kalayan apsah*. Déné *nyakuthoni anak* punika *nyasmitakaken lampah bandrèk ingkang mahanani lairipun jabang bayi ingkang boten apsah* (JB). Inggih margi saking punika déné ukara روح منه (4: 171), ingkang kanggé mangandikakaken Kanjeng Nabi 'Isa, punika déning sawenèh dipun jarwani *ruh saking Allah*, kalayan mengku teges bilih sétan boten nyakutoni wonten ing panjenenganipun; déné tegesipun ingkang bontos wigatos anucèkaken Siti Maryam saking pandalih zina saking fihakipun para titiyang Yahudi, kados déné ingkang kapangandikakaken ing Quran makaten: "Lan amarga saka anggoné angunèkaké Maryam kalawan pandalih kang gedhé" (4: 156).

1446. *Kawula-Ningsun* punika kedah dipun suraos sadaya tiyang, awit sétan piyambak angakeni "Lan ingatasé marang kowé aku ora duwé purba wisésa" (14: 22). Mirsanana 1308.

Ar. *anggra-yang*

67 Lan samangsa riribed ing sagara *angenani* sira, sarupané kang padha sira sambat-sebuti padha sirna kajaba Panjenengané; samangsa Panjenengané wis anyalametaké sira marang dharatan sira padha maléngos; lan manusa iku pancèn ora weruh ing panarima.[1447]

وَإِذَا مَسَّكُمُ الضُّرُّ فِي الْبَحْرِ ضَلَّ مَنْ
تَدْعُونَ إِلَّا إِيَّاهُ ۖ فَلَمَّا نَجَّاكُمْ إِلَى
الْبَرِّ أَعْرَضْتُمْ ۚ وَكَانَ الْإِنْسَانُ كَفُورًا ﴿٦٧﴾

Ut. *angasor-aké*

68 Lah, apa ta sira rumasa santosa: (ora) bakal Panjenengané *anyirnakaké* sira ing talatah daratan. Utawa (ora) bakal Panjenengané anibakaké pidana ing sira?[1448] Satemah sira ora bakal padha éntuk pangayoman tumrap marang sira.

أَفَأَمِنْتُمْ أَنْ يَخْسِفَ بِكُمْ جَانِبَ الْبَرِّ
أَوْ يُرْسِلَ عَلَيْكُمْ حَاصِبًا ثُمَّ لَا تَجِدُوا
لَكُمْ وَكِيلًا ﴿٦٨﴾

Ut. *kafir*

69 Utawa, apa sira padha rumasa santosa: (ora) bakal Panjenengané ing waktu séjé ambalèkaké sira ing kono, tumuli anekakaké angin ribut anempuh sira, banjur angèremaké sira, amarga saka anggon-ira *ora weruh ing panarima*? Satemah sira bakal padha ora éntuk réwang anglawan Ingsun ing dalem prakara iku.[1449]

أَمْ أَمِنْتُمْ أَنْ يُعِيدَكُمْ فِيهِ تَارَةً أُخْرَىٰ
فَيُرْسِلَ عَلَيْكُمْ قَاصِفًا مِنَ الرِّيحِ فَيُغْرِقَكُمْ
بِمَا كَفَرْتُمْ ۙ ثُمَّ لَا تَجِدُوا لَكُمْ عَلَيْنَا
بِهِ تَبِيعًا ﴿٦٩﴾

1447. Gambaring wawatekanipun manusa ingkang jèbles, ingkang kapetha wonten ing ngriki punika. Wangsul dhateng Allah samangsa manggih kasusahan, nanging nyupèkaken Panjenenganipun samangsa sampun dipun wilujengaken. Sabda punika kapangandikakaken ing ngriki wigatos mangandikakaken pakartinipun para titiyang Quraisy, samangsa sami ketaman ing paceklik sami nyunyuwun dhateng Allah Pribadi supados sami kabirata saking rekaos, nanging samangsa sampun sami wilujeng saking kasusahan, lajeng sami wangsul dhateng brahala-brahala sesembahanipun.

1448. *Hâshib* punika tegesipun ingkang sakawit *ingkang nyawataken séla*, sarta ريح حاصب punika ateges angin ageng ingkang saged ambuncang krikil (LL). Milanipun hâshib punika lajeng ateges siksa saking Allah (TA-LL). Tembung wau ugi kanggé anembungaken mendhung ingkang andhawahaken jawab woh.

1449. Ayat kakalih punika memèngeti para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi kalayan tetembungan ingkang terang gamblang, bilih nadyan ing sawatawis wekdal piyambakipun sami saged suminggah saking siksa, suprandéné boten wurung siksa wau inggih badhé andhawahi piyambakipun. Ing ngriki kasusahan punika dipun sanépakaken kaliyan saganten. Lésus ageng ingkang dipun pèpèngetaken wonten ing pangandika punika, pranyata niyup para titiyang wau wonten ing dharatan sarta mahanani wadyabala sadasa èwu jiwa ingkang sami ngepang wakul nagari Madinah sami lumajeng sasaran, inggih punika nalika perang ingkang winastan *Prang Ahzab* utawi *Prang Sekuton* (Ibnu Hisyam), ing kalanipun titiyang Quraisy sami nglurug perang kalayan ambekta sarayanipun sadaya, perlu kanggé anggecak Islam.

70 Lan sayekti temen Ingsun wus amulyakaké para anak Adam sarta padha ingsun emot ing dharatan lan sagara tuwin padha Ingsun paringi arupa barang kang apik-angresepaké, apa déné padha Ingsun dadèkaké pinunjul linuwih angungkuli kèh-kèhé sabarang kang Ingsun titahaké.

وَلَقَدْ كَرَّمْنَا بَنِيٓ ءَادَمَ وَحَمَلْنَٰهُمْ فِي
ٱلْبَرِّ وَٱلْبَحْرِ وَرَزَقْنَٰهُم مِّنَ ٱلطَّيِّبَٰتِ
وَفَضَّلْنَٰهُمْ عَلَىٰ كَثِيرٍ مِّمَّنْ خَلَقْنَا تَفْضِيلًا ٧٠

RUKU' 8

Panglawan dhateng Kanjeng Nabi

71, 71. Manusa punika badhénipun dipun tangèkaken miturut punapa pandamelipun. 73-75. Pambudidaya murih Kanjeng Nabi anglirwakaké ayahanipun kautus. 76, 77. Pambudidaya ngésahaken panjenenganipun saking Makkah.

Ut. *kitabé*

71 (Angélingana) dina anggon-Ingsun bakal animbali sarupaning umat kalawan *pangarepé*;[1450] ing kono sapa sing diulungi kitabé kalawan tangan tengen, lah iku bakal padha maca kitabé lan ora bakal padha kinaniaya sathithik-thithika.[1451]

يَوْمَ نَدْعُوا۟ كُلَّ أُنَاسٍۭ بِإِمَٰمِهِمْ ۖ فَمَنْ
أُوتِيَ كِتَٰبَهُۥ بِيَمِينِهِۦ فَأُو۟لَٰٓئِكَ يَقْرَءُونَ
كِتَٰبَهُمْ وَلَا يُظْلَمُونَ فَتِيلًا ٧١

72 Lan sapa sing ana ing (kéné) iki wuta, ana ing akhirat dhèwèké iya bakal wuta, sarta banget sasar saka ing dalan.[1452]

وَمَن كَانَ فِي هَٰذِهِۦٓ أَعْمَىٰ فَهُوَ فِي
ٱلْءَاخِرَةِ أَعْمَىٰ وَأَضَلُّ سَبِيلًا ٧٢

1450. Suraosipun: para titiyang tulus sami tut wingking panuntun-panuntunipun ingkang tulus sarta tiyang duraka inggih sami badhé tut wingking panuntun-panuntunipun duraka. Tembung *imâm* (panuntun) ing ngriki kénging dipun jarwani mawi teges sanès-sanèsipun, *kitab, nabi, syari'at (angger-angger), kitabing pandameL.* Teges ingkang kantun piyambak punika ugi mathuk kanggé negesi tembung wau tumrap ing pangandika punika, awit lajenging pangandika mangandikakaken kitabing pandamel. Ing panggènan sanès Quran Suci ngandika makaten: Siji-sijining umat bakal padha diuwuh marang kitabé (45: 28).

1451. Kitab punika kitab ingkang kasebutaken wonten ing ayat 14, inggih punika wohing pandamel, ingkang bénjing ing dinten kiyamat badhé dipun gelar dhateng saben tiyang kalayan wujud ingkang awewèntèhan.

1452. Ayat punika suka ancer-ancer ingkang mangka pitedah dhateng kula sami, gesang naraka punika kados pundi lan kala punapa wiwitipun. Ing ayat punika kapangandikakaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang, bilih para titiyang ingkang mutatuli dhateng yakti nalika wonten ing gesang sapunika punika, ing gesang sasampuning pejah inggih tetep wuta. Ingkang makaten punika anedahaken, sapisan bilih gesang naraka punika kawiwitan ing gesang sapunika punika kalayan wuta ruhani; kaping kalih, naraka ing gesang ing bénjing punika satunggaling wuta. Bab punika dipun kiyataken déning pangandika ing 57: 13, bilih para tiyang mukmin sami badhé angsal papadhang ing dinten wau, sarta para lamis sami badhé nedha dipun sukani papadhang saking para mukmin, nanging

73 Lan temen dhèwèké bakal padha angènggokaké sira[1453] saka kang Ingsun wedharaké marang sira, amurih sira agawé-gawé anggit ingatasé Ingsun saliyané iku, lan yèn mangkono masthi dhèwèké bakal padha angalap mitra marang sira.

وَإِن كَادُوا لَيَفْتِنُونَكَ عَنِ الَّذِي
أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ لِتَفْتَرِيَ عَلَيْنَا غَيْرَهُ ۖ
وَإِذًا لَّاتَّخَذُوكَ خَلِيلًا ﴿٧٣﴾

74 Lan lamun oraa Ingsun wus aneguhaké sira, sayekti cepak temen tumelungira marang dhèwèké sathithik:

وَلَوْلَا أَن ثَبَّتْنَاكَ لَقَدْ كِدتَّ تَرْكَنُ
إِلَيْهِمْ شَيْئًا قَلِيلًا ﴿٧٤﴾

---

para lamis boten badhé angsal papadhang wau, sarta punika badhé minangka dados siksa tumrap piyambakipun.

1453. كاد يفعل كذا punika tegesipun *mèh anindakaké iku* tuwin ateges *niyat nindakaké iku*. Teges ingkang angka kalih ingkang kula anggé margi cocog kaliyan suraosing pangandika. Wondéné kados pundi kateranganipun teges ingkang angka kalih wau, mirsanana LL, ingkang anyebutaken waton saking Lth, M lan para ngulami sanès-sanèsipun wonten ing irah-irahan *kaud*. Jarwan kados anggènipun anjarwani Rodwell tuwin Palmer: *dhèwèké mèh baé padha bisa ngapusi sira*, sarta jarwan bangsanipun punika anggènipun anjarwani Salé, punika lepat sadaya, awit jarwan wau cengkah kaliyan pratélan ingkang kacetha wonten ing ayat sambetipun, ingkang mangandikakaken bilih Kanjeng Nabi sampun teguh teteg wonten ing margining yakti, sakedhik kémawon boten panjenenganipun tumiyung dhateng para titiyang wau.

Para mufassir sami anggadhahi panganggep, bilih ingkang kasasmitakaken ing pangandika punika satunggaling lalampahan ingkang kalampahan ing Madinah, sampun let dangu ing sasampunipun surat punika kadhawuhaken. Kosokwangsulipun, wonten satunggaling lalampahan ingkang cetha lan kiyat waton-watonipun, ingkang langkung ceplos kaliyan pratélanipun ayat punika tuwin ayat sambetipun. Lalampahan wau inggih punika pambudidayanipun para titiyang Quraisy ing Makkah ambujuk Kanjeng Nabi, lan wangsulanipun Kanjeng Nabi ingkang tetep puguh anglenggahi yakti. Malah-malah para mufassir Nasrani ngantos kasdu mrusa pangandika punika, dipun suraos mangandikakaken anggènipun Kanjeng Nabi "nyalèwèng"; bab punika kula bicara wonten ing papanipun ingkang pantes (2382). Wondéné lalampahan ingkang miturut paham kula kasasmitakaken wonten ing pangandika punika, punika kacariyosaken wonten ing kitabipun Ibnu Hisyam. Para sesepuhipun titiyang Quraisy sami damel parepatan lan nyedhahi Kanjeng Nabi, wicantenipun dhateng Kanjeng Nabi piyambakipun sami sagah ngempalaken raja-brana kagem panjenenganipun, utawi ngangkat ratu panjenenganipun, manawi panjenenganipun ngèndelaken kémawon para titiyang wau dalah brahala-brahalanipun ing sakajeng-kajengipun piyambak. Kanjeng Nabi maringi wangsulan bilih panjenenganipun boten ambetahaken sadaya wau, déné anggèning panjenenganipun ngajak ambucal margi ingkang awon, punika karana panjenenganipun mamrih kawilujenganipun para titiyang wau. Sadèrèngipun lalampahan wau inggih sampun naté wonten lalampahan sanès, inggih punika nalika para titiyang Quraisy sami ngintunaken utusan sowan dhateng Abu Thalib, ingkang paman Kanjeng Nabi. Utusan Quraisy nedha dhateng Abu Thalib supados piyambakipun ngrembagi Kanjeng Nabi sampun ngantos dipun lajeng-lajengaken anggènipun ngrembag brahala-brahalanipun titiyang Quraisy. Abu Thalib ngandika dhateng Kanjeng Nabi bilih panjenenganipun inggih sampun boten kuwaos ambélani Kanjeng Nabi lumawan para titiyang Quraisy. Wangsulanipun Kanjeng Nabi: "Saupami para titiyang wau nyèlèhaken surya wonten ing bau kula tengen lan rembulan wonten ing bau kula ingkang kiwa, mawi nedha dhateng kula supados kula nglirwakaken anggèn kula kautus, lah kula meksa boten badhé kèndel-kèndel ngantos manawi yakti punika sampun angsal kamenangan, utawi kula ingkang lebur atanpa tilas nalika andumugèkaken sedya wau."

75 Yèn mangkono masthi sira bakal Ingsun icipaké (siksa) kang tikel ing urip iki sarta (siksa) kang tikel ing sawisé pati: tumuli ora bakal sira éntuk panulung anduwa Ingsun.[1454]

إِذًا لَّأَذَقْنٰكَ ضِعْفَ الْحَيٰوةِ وَضِعْفَ الْمَمَاتِ
ثُمَّ لَا تَجِدُ لَكَ عَلَيْنَا نَصِيرًا ﴿٧٥﴾

76 Lan temen dhèwèké padha niyat anundhung sira saka ing nagara, amurih dhèwèké bisa angetokaké sira saka ing kono, lan yèn mangkono, bakal pamanggoné sapungkurira ora liya kajaba mung sadhéla.[1455]

وَإِنْ كَادُوا لَيَسْتَفِزُّوْنَكَ مِنَ الْأَرْضِ
لِيُخْرِجُوْكَ مِنْهَا وَإِذًا لَّا يَلْبَثُوْنَ خِلٰفَكَ
إِلَّا قَلِيلًا ﴿٧٦﴾

77 (Iki) laku(-Ningsun) tumrap para utusan-Ingsun kang wus Ingsun utus ing sadurungira, lan ora bakal sira mrangguli owah-owahan ing laku-Ningsun.[1456]

سُنَّةَ مَنْ قَدْ أَرْسَلْنَا قَبْلَكَ مِنْ
رُّسُلِنَا وَلَا تَجِدُ لِسُنَّتِنَا تَحْوِيلًا ﴿٧٧﴾

RUKU' 9

Panggorohan badhé sirna déning dhatengipun yakti

78-80. Kawontenanipun Kanjeng Nabi ingkang badhé kalampahan. 81. Barang dédé badhé sirna. 82. Quran Suci punika jampi. 83. Tiyang gumendhung nglokro. 84. Satunggal-tunggaling tiyang tumindak manut pamanggihipun.

78 Anjumenengna salat luming-siring srengéngé tumeka petenging

أَقِمِ الصَّلٰوةَ لِدُلُوْكِ الشَّمْسِ إِلٰى غَسَقِ

1454. Tembung *idhan* (*yèn mangkono*) punika wangsul dhateng wekasaning dhawuh ing ayat ingkang sampun. Ayat wau sampun anyethakaken bilih nadyan para mengsahipun Kanjeng Nabi ambudidaya ing sakatog-katogipun, Kanjeng Nabi tetep puguh boten naté tumiyung dhateng para mengsah wau ing sakedhik-kedhika. Nitik lalampahan ingkang kaandharaken ing nginggil, nyata makaten saèstu kawontenanipun. Saupami saèstu ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika bab anggènipun Kanjeng Nabi sampun "nyalèwèng," sabdanipun Quran wau inggih sampun andorakaken Kanjeng Nabi nyalèwèng, awit saupami inggih nyata nyalèwèng mesthi kadhawahan siksa ingkang tikel kalih, mangka nyatanipun boten naté kalampahan.

1455. Sareng para mengsah boten angsal damel anggènipun badhé damel nyalèwèngipun Kanjeng Nabi saking margining yakti, para tiyang wau lajeng sami angrencana badhé anundhung panjenenganipun, Sanajan ta ing sadèrèngipun para titiyang wau sampun sami kapangandikanan bilih: *yèn mangkono*, liripun manawi piyambakipun nundhung panjenenganipun saking Makkah, piyambak-ipun piyambak boten badhé dangu dudunung ing ngriku ing sapengkeripun Kanjeng Nabi. Piweca punika mecakaken badhé kamenanganipun Kanjeng Nabi wonten ing Makkah kalayan tetembungan ingkarg cetha wéla-wéla.

1456. Ing ngriki kasebutaken bilih sampun dados angger-anggering Pangéran, sintena ingkang nundhung nabinipun saking dalemipun, mesthi piyambakipun piyambak gentos badhé katumpes. Sarta angger-angger punika tumrap wonten ing prakawisipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. boten badhé éwah gingsir tumindakipun; makaten pangandikanipun ayat punika.

wengi sarta wawacaning gagad bangun; sayekti wawacaning gagad bangun iku sineksèn.[1457]

الَّيْلِ وَقُرْاٰنَ الْفَجْرِ ۗ اِنَّ قُرْاٰنَ الْفَجْرِ كَانَ مَشْهُوْدًا ﴿٧٨﴾

79 Lan ing sapéranganing wengi atinggala turu[1458] karana iku, (dumunung wuwuhan) sajabaning wajibira; manawa-manawa Pangéranira bakal angunggahaké sira ing darajat kang pinahargya.[1459]

وَمِنَ الَّيْلِ فَتَهَجَّدْ بِهٖ نَافِلَةً لَّكَ ۖ عَسٰٓى اَنْ يَّبْعَثَكَ رَبُّكَ مَقَامًا مَّحْمُوْدًا ﴿٧٩﴾

80 Lan munjuka: Pangéran kawula! mugi kawula Tuwan lebetaken kalayan lumebet ingkang prayogi, saha mugi kawula Tuwan wedalaken kalawan medal ingkang prayogi, punapa déné mugi Tuwan aparing kakiyatan dhateng kawula saking ngarsa Tuwan minangka pitulung (dhateng kawula).[1460]

وَقُلْ رَّبِّ اَدْخِلْنِيْ مُدْخَلَ صِدْقٍ وَّاَخْرِجْنِيْ مُخْرَجَ صِدْقٍ وَّاجْعَلْ لِّيْ مِنْ لَّدُنْكَ سُلْطٰنًا نَّصِيْرًا ﴿٨٠﴾

81 Lan calathua: Barang yakti wis teka sarta barang dudu wis sirna; sayekti barang dudu iku (barang kang) masthi sirnané.[1461]

وَقُلْ جَآءَ الْحَقُّ وَزَهَقَ الْبَاطِلُ ۗ اِنَّ الْبَاطِلَ كَانَ زَهُوْقًا ﴿٨١﴾

1457. Wiwit lingsiring surya dumugi seraping surya wonten wekdal kakalih kanggé sembahyang, inggih punika sembahyang *dzuhr* (luhur) lan sembahyang ‘*ashr* (ngasar). Wiwit seraping surya dumugi wanci dalu wonten kalih malih, inggih punika sembahyang *magrib* lan sembahyang ‘*isya* (ngisak), déné sembahyang ingkang kaping gangsal punika sembahyang ing wanci énjing uthuk-uthuk, ingkang ing ngriki kasebut *Qurânu-l-fajr*, jawinipun *Quraning gagat-bangun* utawi *wacaning gagat-bangun*. Dados ayat punika nyebutaken salat gangsal wekdal sadaya.

1458. *Tahajjud* punika karimbag saking tembung *hajada*, ingkang jawinipun *turu ing wayah bengi*, sarta ugi ateges *melèk ing wayah bengi* (LA-LL). Tembung *kalawan iku*, terangipun *kalawan sembahyang* karaketaken ing tembung wau, punika anedahaken bilih teges ingkang angka kalih ingkang kakarsakaken kagem wonten ing ngriki. Miturut istilah lslam *tahajjud* punika mesthi ateges *sembahyang ingkang katindakaken sasampunipun tilem, limrahipun ing sasampunipun lingsir dalu*.

1459. Punika ugi janji malih ingkang terang gamblang, bilih tiyang ingkang déning mengsah dipun angkah katundhung saking kitha padununganipun, tur ingkang kalangkung apes wau, badhé sinengkakaken ing ngaluhur anglenggahi kaluhuran lan kamulyan. Saya dangu saya ageng kamulyan lan kaluhuran ingkang dipun lenggahi Kanjeng Nabi, sarta tangèh lamun saged dipun kanthak-kanthakaken sapinten kamulyan lan kaluhuran ingkang dipun lenggahi Kanjeng Nabi bénjing ing dinten kiyamat.

1460. *Lumebet* punika *lumebet dhateng panggènan ingkang énggal*, inggih punika kitha Madinah, ing sasampunipun Hijrah, déné *medal* punika *Hijrah saking Makkah* (JB, Kf).

1461. Ing ngriki kapangandikakaken rawuhipun Kanjeng Nabi kados déné rawuhing Yakti, cocog kaliyan piweca ing Yuhanan 16: 13 bab rawuhipun “Rohing Kayektèn” ingkang anuntun ing manusa dhateng kasampurnaning kayektèn: “Nanging sarawuhé kang kasebut mau, yaiku Rohing Kayektèn, iku bakal dadi panuntunmu marang sajroning kasampurnané kayektèn. Déné mungguh pamangsité iku

82 Lan Ingsun anurunaké Quran barang kang minangka tamba sarta wilasa tumrap para angèstu, lan iku ora liya kajaba amuwuhi kasang-saraning para atindak dudu.[1462]

وَنُنَزِّلُ مِنَ الْقُرْاٰنِ مَا هُوَ شِفَآءٌ وَّرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِيْنَ ۙ وَلَا يَزِيْدُ الظّٰلِمِيْنَ اِلَّا خَسَارًا ﴿٨٢﴾

83 Lan samangsa Ingsun aparing nugraha marang manusa, iki (banjur) mlèngos sarta *gumedhé*, lan samangsa *ketaman riribed*, nglokro.

وَاِذَآ اَنْعَمْنَا عَلَى الْاِنْسَانِ اَعْرَضَ وَنَاٰ بِجَانِبِهٖ ۚ وَاِذَا مَسَّهُ الشَّرُّ كَانَ يَـُٔوْسًا ﴿٨٣﴾

Ar. *angi-nger lam-bungé*
Ar. *riribed anggepok dhèwèké*

84 Calathua: Siji-sijining wong kang tumindak manut panemuné dhéwé-dhéwé; ananging Pangéran-ira iku luwih udani marang sapa-sapa kang luwih bener anggoné ketuntun ngambah dalan.[1463]

قُلْ كُلٌّ يَّعْمَلُ عَلٰى شَاكِلَتِهٖ ؕ فَرَبُّكُمْ اَعْلَمُ بِمَنْ هُوَ اَهْدٰى سَبِيْلًا ﴿٨٤﴾

RUKU' 10

Quran Suci punika pangéram-éram ingkang angédab-édabi

85-87. Quran Suci punika wedharing sabdanipun Pangéran. 88, 89. Anggènipun tanpa timbang. 90-93. Éwah-éwahan ingkang dipun wecakaken badhé kelampahan saking sakedhik.

---

bakal ora ana kang saka karsané piyambak, mung apa sapamiyarsané iku kang bakal diwangsitaké, sarta kowé diparingi sumurup kaanan ing bésuké." Ing sapengkeripun Kanjeng Nabi 'Isa boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang rawuhipun ing donya anjagi ungeling piweca wau kajawi Kanjeng Nabi Muhammad saw. Wonten ing salah satunggaling surat ingkang sepuh-sepuh Quran Suci mangandikakaken panjenenganipun makaten: "Iya ora dhèwèké iku calathu metu saka pépénginané; ora liya iku kajaba wedharing sabda kang winahyakaké" (53: 3, 4). Sarta inggih panjenenganipun punika ingkang sampun anedahaken barang-barang ingkang badhé dhateng; piweca-piwecanipun dados pasaksèn ingkang cetha ing kayektènipun Kanjeng Nabi. Lan malih, inggih panjenenganipun punika ingkang angundhangaken bilih sariranipun punika yakti ingkang badhé dhateng. Sirnaning panggorohan saking tanah Arab nalika jaman sugengipun, ambuktèkaken kayektèning pangakenipun.

Ing pangandika punika sirnaning panggorohan kapangandikakaken mawi *fi'il madli* (tembung kriya ingkang anedahaken wekdal ingkang sampun kalampahan). Ingkang makaten punika mengku karsa bilih ingkang kapangandikakaken punika sampun yakin mesthi badhé kelampahan saèstu. Panggorohan sirna babar pisan saking Makkah nalika Kanjeng Nabi rawuh malih mriku kalayan angsal kamenangan; nalika Padaleman Suci dipun sucèni saking sawarnining brahala, Kanjeng Nabi maos ayat punika, barang yakti wus teka sarta barang dudu wus sirna (Bkh); ingkang makaten punika anedahaken bilih Kanjeng Nabi anggènipun nyuraos ayat wau mengku piweca ingkang mecakaken kamenangan ing Makkah.

1462. Awit, margi saking anggènipun sami angemohi Quran, piyambakipun nama angemohi usadaning mamalanipun saha kécalan nugraha ingkang kaparingakaken lantaran Quran Suci.

1463. Milanipun Panjenenganipun badhé adamel cetha sarana anyilahaken antawisipun tiyang tulus lan tiyang dursila.

Ut. *ruh*
Ut. *ruh*

85 Lan dhèwèké padha takon marang sira prakara *wewedharing sabda*.[1464] Calathua: *Wewedharing sabda* iku saka dhawuhing Pangéranku, sarta kawruh kang diparingaké sira iku ora liya kajaba mung sathithik.

وَيَسْـَٔلُونَكَ عَنِ الرُّوحِ ۖ قُلِ الرُّوحُ مِنْ
أَمْرِ رَبِّي وَمَآ أُوتِيتُم مِّنَ الْعِلْمِ
إِلَّا قَلِيلًا ﴿٨٥﴾

86 Lan manawa Ingsun angarsakna, amasthi Ingsun pundhut apa kang wus Ingsun wedharaké marang sira, tumuli, atas prakara iku, ora bakal sira éntuk kakawal meksa marang Ingsun,[1465]

وَلَئِن شِئْنَا لَنَذْهَبَنَّ بِالَّذِيٓ أَوْحَيْنَآ
إِلَيْكَ ثُمَّ لَا تَجِدُ لَكَ بِهِۦ عَلَيْنَا وَكِيلًا ﴿٨٦﴾

87 Kajaba manawa ana wilasa saka Pangéranira – sayekti, lubèring paparing-É marang sira iku gedhé.

إِلَّا رَحْمَةً مِّن رَّبِّكَ ۚ إِنَّ فَضْلَهُۥ كَانَ
عَلَيْكَ كَبِيرًا ﴿٨٧﴾

Ar. *dadi panulung*

88 Calathua: Manawa manusa lan jin padha sayuk agolong, perlu arep anganani sapadhané Quran iki, ora bakal padha bisa anganani sapadhané iku, sanajan siji marang sijiné padha *tulung-tinulung*.[1466]

قُل لَّئِنِ اجْتَمَعَتِ الْإِنسُ وَالْجِنُّ عَلَىٰٓ
أَن يَأْتُوا بِمِثْلِ هَٰذَا الْقُرْءَانِ لَا يَأْتُونَ
بِمِثْلِهِۦ وَلَوْ كَانَ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ ظَهِيرًا ﴿٨٨﴾

Ut. *anggenahaké*
Ut. *sarupa*
Ut. *katerangan*

89 Lan sayekti, ing dalem Quran iki, temen Ingsun wus *angambal-ambali* sarupaning *bukti*,[1467] éwadéné akèh-akèhé manusa padha ora nyandikani, balik padha angemohi.

وَلَقَدْ صَرَّفْنَا لِلنَّاسِ فِي هَٰذَا الْقُرْءَانِ
مِن كُلِّ مَثَلٍ فَأَبَىٰٓ أَكْثَرُ النَّاسِ
إِلَّا كُفُورًا ﴿٨٩﴾

1464. Katranganipun tembung *ruh*, ingkang jawinipun *ilham* utawi *wahyu*, mirsanana 653. Prakawis ingkang karembag wonten ayat punika tuwin wonten ing ayat-ayat nginggilipun lan ngandhapipun, punika Quran; dados suraosing pangandika anedahaken kalayan terang bilih ingkang dipun pitakèkaken déning para titiyang kafir punika sanès bab jiwaning manusa, ingkang tembungipun ingkang trep *nafs*, nanging bab Quran, inggih punika prakawis wahyu (wedharing Sabda).

1465. Terangipun: saupama Ingsun angarsakna mundhut iku, yakti ora ana sawiji apa kang bisa ambalékaké iku marang sira, kang iya dadi kakawalira lumawan Ingsun.

1466. Katrangan bab Quran Suci atanpa sama, mirsanana 36. Perlu dipun pèngeti bilih ing antawisipun kawan panggènan ingkang nyebutaken panantang dhateng para kafir supados sami damel saminipun dhawuh Quran, namung sapanggènan punika ingkang mangandikakaken *jinn* lan *manusa* sareng. Ing panggènan sanès boten wonten ingkang nyebutaken *jinn*, nanging *syuhadâ'*, utawi *para panuntun* ingkang kasebutaken. Tembung *jinni* (manawi kathah *jinn*) punika wonten ing basa Arab dipun anggé kalayan mengku teges *tiyang ingkang manawi tumandang kalayan tenaga sakatog-katogipun*, kados déné anggènipun negesi Tabrizi nalika anggancaraken Ham: Dados, manawi ayat punika dipun suraos sasarengan kaliyan ayat sanès-sanèsipun ingkang nunggil maksud, terang

1467. *Mirsanana kaca candhakipun.*

90 Sarta padha calathu: Ora pisan aku bakal ngandel marang kowé, kajaba manawa kowé wis angudalaké umbul saka ing bumi makolèhi marang aku kabèh:[1468]	وَقَالُوا لَن نُّؤْمِنَ لَكَ حَتَّىٰ تَفْجُرَ لَنَا مِنَ الْأَرْضِ يَنبُوعًا ﴿٩٠﴾
91 Utawa (manawa) kowé (wis) duwé kebon kurma lan anggur, banjur ing jeroné koilèni kali-kali pating sarèwèh.	أَوْ تَكُونَ لَكَ جَنَّةٌ مِّن نَّخِيلٍ وَعِنَبٍ فَتُفَجِّرَ الْأَنْهَارَ خِلَالَهَا تَفْجِيرًا ﴿٩١﴾
92 Utawa (manawa) kowé (wis) angruntuhaké langit marang aku apecah-pecah, kaya jarému, utawa anekakaké Allah lan para malaikat adu-arep (karo aku kéné):	أَوْ تُسْقِطَ السَّمَاءَ كَمَا زَعَمْتَ عَلَيْنَا كِسَفًا أَوْ تَأْتِيَ بِاللَّهِ وَالْمَلَائِكَةِ قَبِيلًا ﴿٩٢﴾
93 Utawa (manawa) kowé (wis) duwé omah emas, utawa (manawa) kowé (wis) munggah ing langit, lan aku ora bakal padha ngandel ing munggahmu, kajaba manawa kowé wis anurunaké kitab marang aku kang bakal padha dak waca. Calathua: Mahasuci Pangéranku! Kapriyé, aku iki rak mung uwong baé, dadi utusan?[1469]	أَوْ يَكُونَ لَكَ بَيْتٌ مِّن زُخْرُفٍ أَوْ تَرْقَىٰ فِي السَّمَاءِ وَلَن نُّؤْمِنَ لِرُقِيِّكَ حَتَّىٰ تُنَزِّلَ عَلَيْنَا كِتَابًا نَّقْرَؤُهُ ۗ قُلْ سُبْحَانَ رَبِّي هَلْ كُنتُ إِلَّا بَشَرًا رَّسُولًا ﴿٩٣﴾

manawi tembung *jinn* ing ayat ngriki mengku teges ingkang sami kaliyan tembung *syuhadâ'*, ing ayat sanès-sanèsipun. Ingkang makaten punika suka pancasan ingkang angrampungi, bilih tembung *jinn* punika wonten ing Quran kagem nembungakaken tiyang ingkang remen awon.

1467. *Matsal* punika sami kaliyan *washf* (Rgh), dados *katranganipun* satunggaling barang punika kénging winastan *matsal*-ipun barang wau, nanging anggènipun ateges "katrangan" punika ingkang asring sarana nandhing-nandhing utawi sanépa. Ing ngriki kapangandikakaken, bilih sadaya ingkang murugaken karaharjaning manusa menggahing ruhani lan menggahing budipakerti kapratélakaken sadaya wonten ing Quran Suci.

1468. Tandha-tandha-yekti ingkang kasuwun wonten ing ayat punika tuwin wonten ing ayat titiga candhakipun, punika gagayutan kaliyan janji-janji tumrap para tiyang tulus tuwin pangancam badhé dhumawahing siksa tumrap para tiyang duraka, ingkang kapangandikakaken wonten ing Quran. Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih sadaya wau kanyataan saèstu wahananipun ing salebeting jamanipun para titiyang wau. Taman-taman ingkang wonten toyanipun mancur kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi tuwin pandhèrèkipun nalika para Muslimin angsal kamenangan wonten ing tanah Mesopotamia. Langit tumurun andhawahi para titiyang ingkang sami angemohi, kalayan awujud paceklik lan kasusahan warni-warni. Para malaikat tumurun wonten ing paprangan-paprangan lan adamel karisakan ageng wonten tengah-tengahipun para titiyang wau. Ing wekasanipun kaluhuran miwah kamulyanipun Pangéran gumelar kalayan cetha nalika kamenangan ing Makkah inggih punika ingkang katembungakaken rawuhipun Allah. Minggah dhateng langit inggih kalampahan, sarta Kanjeng Nabi ngampil kitab ngrawuhi para titiyang wau. Nanging sadaya wau kalampahanipun kalayan sarenti, laras kaliyan angger-anggeripun Pangéran ingkang tumrap para utusan.

1469. Wangsulan dhateng sadaya panyuwunipun para kafir wau, inggih punika: Kanjeng Nabi

RUKU' 11

Santolan sepélé

94-96. Punapa déné sami anebihi. 97-100. Wawales punika sampun samasthinipun.

94 Lan ora ana kang ngalangi manusa padha arep angèstu, nalikané tuntunan wis anekani dhèwèké, kajaba déné padha calathu: Apa iya Allah iku anjumenengaké manusa dadi utusan?

وَمَا مَنَعَ النَّاسَ أَنْ يُؤْمِنُوٓا إِذْ جَآءَهُمُ
الْهُدٰىٓ إِلَّآ أَنْ قَالُوٓا أَبَعَثَ اللّٰهُ بَشَرًا رَّسُولًا ﴿٩٤﴾

95 Calathua: Saupama ing bumi iki kang manggon, padha lumaku, para malaikat, amasthi Ingsun anurunaké para malaikat marang dhèwèké saka ing langit minangka utusan.

قُلْ لَّوْ كَانَ فِي الْأَرْضِ مَلٰٓئِكَةٌ يَّمْشُونَ
مُطْمَئِنِّينَ لَنَزَّلْنَا عَلَيْهِمْ مِّنَ السَّمَآءِ
مَلَكًا رَّسُولًا ﴿٩٥﴾

Ar. *lan antarané*

96 Calathua: Wis cukup Allah iku minangka saksi antarané aku *lan kowé*; sayekti Panjenengané iku marang kawula-Né waspada, Uninga.

قُلْ كَفٰى بِاللّٰهِ شَهِيدًۢا بَيْنِي وَبَيْنَكُمْ ۚ
إِنَّهُ كَانَ بِعِبَادِهِ خَبِيرًۢا بَصِيرًا ﴿٩٦﴾

Ar. *lah dhèwèké* a. 1297, 1312

97 Lan sapa kang dituntun déning Allah, *iku* kang nurut dalan bener, sarta sapa sing kasasaraké,[a] lah ora bakal sira éntuk panjaga tumrap marang dhèwèké saliyané Panjenengané; lan Ingsun bakal angimpun dhèwèké ing dina kiyamat, atas rai-rainé, wuta sarta bisu tuwin tuli; padunungané naraka; saben-saben iku sirep, dhèwèké bakal Ingsun wuwuhi mulad-muladé.

وَمَنْ يَّهْدِ اللّٰهُ فَهُوَ الْمُهْتَدِ ۚ وَمَنْ
يُّضْلِلْ فَلَنْ تَجِدَ لَهُمْ أَوْلِيَآءَ مِنْ دُونِهِ ۖ
وَنَحْشُرُهُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ عَلٰى وُجُوهِهِمْ
عُمْيًا وَّبُكْمًا وَّصُمًّا ۖ مَأْوٰىهُمْ جَهَنَّمُ ۖ
كُلَّمَا خَبَتْ زِدْنٰهُمْ سَعِيرًا ﴿٩٧﴾

punika manusa utusan; suraosipun: sadaya piweca ingkang kawecakaken ing babagan kabegjan ageng ingkang badhé kagayuh ing wekdal ingkang badhé dhateng utawi leburipun sadaya mengsah-mengsahipun, badhé kanyataan wahananipun kalayan sarenti sarta ing salebeting jamanipun para titiyang wau, sarta malih manut cara ingkang sampun tumindak tumrap kanyataaning wahananipun sadaya piweca, inggih punika manut angger-anggering Pangéran ing bab kanyataaning wahananipun piweca-piweca ingkang tumrap para utusan sanès-sanèsipun ingkang ugi manusa.

98 Iki wawalesé déning anggoné padha angafiri ing timbalan-timbalan-Ingsun karo calathu: Apa iya, manawa aku wis padha dadi balung lan remukan ajur, apa iya aku padha ditangèkaké temenan dadi titah kang anyar?

ذٰلِكَ جَزَآؤُهُمْ بِاَنَّهُمْ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِنَا
وَقَالُوْٓا ءَاِذَا كُنَّا عِظَامًا وَّرُفَاتًا ءَاِنَّا
لَمَبْعُوْثُوْنَ خَلْقًا جَدِيْدًا ﴿٩٨﴾

99 Apa ta padha ora nimbang-nimbang, manawa Allah, kang wus nitahaké langit-langit lan bumi, iku kawasa yèn ta anitahna papadhané dhèwèké? Lan Panjenengané wus anamtu wawangen mangsa tumrap dhèwèké, kang ing kana wis ora ana semang-semangé; ananging para atindak dudu padha ora anginggihi, balik padha angemohi.

اَوَلَمْ يَرَوْا اَنَّ اللّٰهَ الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ
وَالْاَرْضَ قَادِرٌ عَلٰٓى اَنْ يَّخْلُقَ مِثْلَهُمْ
وَجَعَلَ لَهُمْ اَجَلًا لَّا رَيْبَ فِيْهِ ۗ فَاَبَى
الظّٰلِمُوْنَ اِلَّا كُفُوْرًا ﴿٩٩﴾

100 Calathua: Upama kowé iku anguwasanana gedhong wilasaning Pangéranku, amasthi (iku) ko-pèpèt, déning kuwatir (manawa) metu, lan manusa iku pancèn kumed.

قُلْ لَّوْ اَنْتُمْ تَمْلِكُوْنَ خَزَآئِنَ رَحْمَةِ
رَبِّيْٓ اِذًا لَّاَمْسَكْتُمْ خَشْيَةَ الْاِنْفَاقِ ۗ
وَكَانَ الْاِنْسَانُ قَتُوْرًا ﴿١٠٠﴾

RUKU' 12

Katandhing kalayan pèpèngeting Nabi Musa

101-103. Pèpèngetipun Nabi Musa. 104. Para turun Israil adudunung sarta wusananipun dipun pidana. 105-111. Quran Suci aparing pèpènget ingkang kados makaten.

101 Lan sayekti temen Ingsun wus amaringi Musa tandha kang terang sanga;[1470] mulané para turun Israil takonana nalika padha ditekani dhèwèké, banjur calathu Fir'aun marang dhèwèké: Sayekti aku iki o, Musa, ngira, manawa kowé iku wong kang kailangan akal.

وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسٰى تِسْعَ اٰيٰتٍۢ بَيِّنٰتٍ
فَسْئَلْ بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ اِذْ جَآءَهُمْ
فَقَالَ لَهٗ فِرْعَوْنُ اِنِّيْ لَاَظُنُّكَ يٰمُوْسٰى
مَسْحُوْرًا ﴿١٠١﴾

1470. Pasaksèn sanga punika paprincènipun kasebutaken wonten ing 935. Ing ngriku katerangaken bilih sanga wau cocog kaliyan pasaksèn ingkang kasebut ing serat Pangentasan. Pasaksèn-pasaksèn wau inggih punika teken, asta ingkang mancorong, mangsa bethatan, risakipun wowohan, pepejah, walang, tengu, kodok lan rah.

102 Calathuné: Saèstu paduka punika uninga, bilih boten wonten ingkang nurunaken punika minangka bukti ingkang cetha kajawi Pangéraning langit-langit lan bumi, sarta saèstu kula punika, o, (raja) Fir'aun, nginten manawi paduka badhé dhumawah ing karisakan.

قَالَ لَقَدْ عَلِمْتَ مَآ أَنْزَلَ هٰٓؤُلَآءِ إِلَّا
رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ بَصَآئِرَ ۚ وَإِنِّيْ
لَأَظُنُّكَ يٰفِرْعَوْنُ مَثْبُوْرًا ﴿١٠٢﴾

103 Tumuli, karepé, arep padha dilebur saka ing bumi, ananging dhèwèké Ingsun kèlem dalah sakanthiné kabèh;[1471]

فَأَرَادَ أَنْ يَّسْتَفِزَّهُمْ مِّنَ الْأَرْضِ
فَأَغْرَقْنٰهُ وَمَنْ مَّعَهٗ جَمِيْعًا ﴿١٠٣﴾

104 Lan sapungkuré dhèwèké Ingsun ngandika marang para turun israil: Padha manggona ana ing nagara;[1472] ananging nalika janji kang wekasan wus tumeka, sira kabèh padha Ingsun gulung.[1473]

وَّقُلْنَا مِنْۢ بَعْدِهٖ لِبَنِيْٓ إِسْرَآءِيْلَ اسْكُنُوا
الْأَرْضَ فَإِذَا جَآءَ وَعْدُ الْاٰخِرَةِ جِئْنَا
بِكُمْ لَفِيْفًا ﴿١٠٤﴾

105 Lan kalawan yakti anggon Ingsun anurunaké iku, sarta kalawan yakti anggoné tumurun; lan ora liya, Ingsun angutus ing sira iku kajaba minangka juru-martani bubungah sarta juru-pépéling.[1474]

وَبِالْحَقِّ أَنْزَلْنٰهُ وَبِالْحَقِّ نَزَلَ ۗ وَمَآ
أَرْسَلْنٰكَ إِلَّا مُبَشِّرًا وَّنَذِيْرًا ﴿١٠٥﴾

106 Lan yaiku Quran, kang anggon-Ingsun anurunaké saka sapérangan-sapérangan, supaya iku sira wacakna marang para manusa

وَقُرْاٰنًا فَرَقْنٰهُ لِتَقْرَأَهٗ عَلَى النَّاسِ عَلٰى

1471. *Istafazzahû* punika jawinipun *nundhung*, sarta ugi ateges *ngapusi ngantos adamel karisakan dhateng ingkang dipun apusi*, tuwin ateges *mejahi* (TA-LL). *Al-ardl* ing ngriki ateges lumahing bumi, dados boten ateges tanah Mesir.

1472. Bumi ing ngriki ateges tanah ingkang dipun janjèkaken dhateng titiyang Israil. Kanjeng Nabi Musa nedha palilahipun raja Fir'aun supados titiyang Israil dipun lilani késah saking Mesir, punika sedyanipun inggih badhé dipun enggènaken ing tanah ingkang kajanjèkaken wau.

1473. Janji ingkang kantun ing ngriki, inggih punika janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa bab badhé jumenengipun nabi sanès ingkang kados panjenenganipun. Bab punika kabuktèn saking pratélan ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat candhakipun bab tumuruning Quran ingkang tumurun kalayan yakti, terangipun: ingkang nocogi kaliyan janji ingkang saèstu. Titiyang Israil kagulung, punika mengku teges badhé sumingkir lajeng kagentosan ing umat sanès.

1474. Allah anurunaken Quran kalayan yakti, punika mengku teges bilih anggèn-Ipun anurunaken Quran wau anocogi kaliyan piweca-piweca ingkang sampun kasabdakaken lumantar lisaning nabi-nabi-Nipun. Déné tumurun (rawuh) kalayan yakti mengku teges Quran nyata anocogi wahananing piweca-piweca wau sadaya.

kalawan sarenti, lan Ingsun wus anurunaké iku kalawan tumurun saka sathithik.

مُكْثٍ وَّنَزَّلْنٰهُ تَنْزِيْلًا ۝١٠٦

107 Calathua: Padha angèstua marang iku utawa aja padha angèstu; sayekti, para kang padha sinungan kawruh ing sadurungé iku, padha anjungkel *mukané*, sumungkem, samangsa iku diwacakaké marang dhèwèké.

Ar. *jangguté*

قُلْ اٰمِنُوْا بِهٖٓ اَوْ لَا تُؤْمِنُوْا ۗ اِنَّ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْعِلْمَ مِنْ قَبْلِهٖٓ اِذَا يُتْلٰى عَلَيْهِمْ يَخِرُّوْنَ لِلْاَذْقَانِ سُجَّدًا ۝١٠٧

108 Sarta padha calathu: Mahasuci Pangéran kawula! saèstu, janjinipun Pangéran kawula, yektos kalampahan.[1475]

وَّيَقُوْلُوْنَ سُبْحٰنَ رَبِّنَآ اِنْ كَانَ وَعْدُ رَبِّنَا لَمَفْعُوْلًا ۝١٠٨

109 Sarta padha tumiba anjungkel *mukané* kalawan nangis, tuwin padha wuwuh-wuwuh konjemé.[a]

Ar. *jangguté*
a. 978

وَيَخِرُّوْنَ لِلْاَذْقَانِ يَبْكُوْنَ وَيَزِيْدُهُمْ خُشُوْعًا ۩ ۝١٠٩

110 Calathua: Padha anyunyuwuna ing Allah utawa padha nyunyuwuna ing Ar-Rahman;[1476] iya asma sing endi baé anggonmu nyebut (Panjenengané), Panjenengané iku kagungan asma kang becik-becik; sarta aja anyerokaké

قُلِ ادْعُوا اللّٰهَ اَوِ ادْعُوا الرَّحْمٰنَ ۗ اَيًّا مَّا تَدْعُوْا فَلَهُ الْاَسْمَاۤءُ الْحُسْنٰى ۚ وَلَا

1475. *Janji* ingkang kapangandikakaken ing ngriki, punika sampun terang janji ingkang kaparingaken dhateng para nabi ingkang sampun-sampun, bab badhé rawuhipun Kanjeng Nabi. *Ngilmu* ing ayat ingkang sampun, punika ugi ateges *ngilmuning piweca-piweca*.

1476. Asma *Rahmân* ingkang jawinipun *Pangéran Ingkang-Mahamurah* punika sajakipun boten dipun remeni déning titiyang Arab. Ngantos nalika jaman pedhamèn ing Hudaibiyah titiyang Arab sami kawratan amigunakaken asma wau, inggih punika nalika Bagéndha ‘Ali badhé nyerat: بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ para titiyang Quraisy boten sami sarujuk lan puguh nedha serat prajanjian ingkang dipun wiwiti mawi tetembungan باسمك اللّٰهم Para titiyang Nasrani ugi boten wanuh manawi Allah punika *Rahmân*, awit sifat *rahmâniyah* makaten mengku teges bilih Allah kapareng matedhakaken sih dhateng titahipun kalayan lalahanan, liripun titah boten mawi nindakaken punapa-punapa ingkang murugaken pantes angsal sih wau. Wangsul piwulang Nasrani bab panebusirg dosa, punika adhadhasar pangandel bilih Allah boten karsa matedhakaken sih dhateng titah-Ipun, awit Panjenenganipun kedah anglenggahi adil. Makaten punika lepat ingkang tuwuh saking kalèntuning paham, bilih Allah boten saged Adil sasarengan kaliyan Mahaasih. Leres, sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi namung juru-kukum limrah boten saged (boten kénging) mintonaken sih; nanging Allah punika sanginggilipun juru-kukum. Panjenenganipun juru-kukum, milanipun boten saged Panjenenganipun boten anglenggahi adil; nanging Panjenenganipun punika ugi Gusti, milanipun dhateng para tiyang dosa Panjenenganipun punika Mahaasih. Welas asih punika boten teka sami kaliyan boten adil.

salatira tuwin aja kolirihaké nemen, lan golèka dalan saantarané iki.[1477]

تَجْهَرْ بِصَلَاتِكَ وَلَا تُخَافِتْ بِهَا وَابْتَغِ
بَيْنَ ذَٰلِكَ سَبِيلًا ﴿١١٠﴾

111 Lan calathua: Sadaya pangalembana kagunganipun Allah, ingkang boten angalap putra, sarta ingkang boten kagungan sakutu ing salebeting kraton, tuwin ingkang boten mawi kagungan panulung ingkang milujengaken Panjenenganipun saking asor; lan anyebuta Mahaagung-É, kalawan panyungga-nyungga (ing Panjenengané).

وَقُلِ الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي لَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا
وَلَمْ يَكُن لَّهُ شَرِيكٌ فِي الْمُلْكِ
وَلَمْ يَكُن لَّهُ وَلِيٌّ مِّنَ الذُّلِّ
وَكَبِّرْهُ تَكْبِيرًا ﴿١١١﴾

1477. Wonten lampah keladuk warni kalih tumrap anindakaken sembahyang, inggih punika kalayan suwanten ingkang sora anggènipun angucapaken panyuwun lan boten kumecap babar pisan lan lisanipun, kados déné ingkang katindakaken déning sawenèh tiyang, margi anggadhahi panganggep bilih Allah anguningani punapa ingkang kumrenteg wonten ing manahipun. Para Muslimin kadhawuhan nganggé margi ingkang tengah-tengah ing saantawisipun lampah keladuk warni kalih wau.

ركوعاتها ١٢ سُوْرَةُ الْكَهْفِ مَكِّيَّةٌ (١٨) آياتها ١١٠

SURAT 18

AL-KAHF

(*Guwa*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*12 ruku', 110 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Pèpènget dhateng titiyang Nasrani.
Ruku' 2, 3. Ingkang sami manggèn ing guwa.
Ruku' 4. Quran Suci minangka tuntunan.
Ruku' 5. Sanépa.
Ruku' 6. Ingkang sami kalepatan dipun pancasi pangadilan.
Ruku' 7. Sami tanpa daya.
Ruku' 8. Pèpènget dipun lirwakaken.
Ruku' 9, 10. Lalananipun Kanjeng Nabi Musa ngupados kawruh.
Ruku' 11. Ingkang-Asingat-kalih tuwin Ya'juj lan Ma'juj.
Ruku' 12. Bangsa-bangsa Nasrani.

Namanipun

Nitik pathinipun ingkang kasebut ing nginggil wau, tétéla ing sageblengipun surat punika ngrembag agami Nasrani tuwin bangsa-bangsa Nasrani. Ingkang makaten punika boten namung kabuktèn, manawi kawaos ingkang premati, langkung-langkung ruku' ingkang wiwitan piyambak saha ingkang wingking piyambak ing surat punika, nanging ugi wonten hadits ingkang nerangaken bilih Kanjeng Nabi naté ngandika bilih sadasa ayat ingkang wiwitan, miturut riwayat sanès sadasa ayat ingkang pungkasan, punika dipun waosa kanggé rumeksa saking fitnahipun jaman akhir ingkang sakalangkung anggigirisi. Manawi makaten punapa sababipun déné surat punika kanamakaken *Guwa*? Nyatanipun, "guwa" punika kathah lalabetanipun tumrap tuwuh saha majeng-majengipun agami Nasrani, jalaran sifatipun ingkang amiyambaki agami Nasrani wau, ing dalem babadipun ingkang wiwitan, punika pranatan kapandhitan, ingkang tumindakipun ambetahaken sanget panggènan ingkang sepen-sepen kados déné guwa punapa punika. Dalasan cariyosipun *Ashâbu-l-kahfi* (*ingkang sami manggèn ing guwa*), punika inggih kénging dipun werdèni kados déné cariyosipun agami Nasrani, awit kawontenanipun agami Nasrani ing sakawit punika kawontenan manggèn wonten ing guwa, mempen ing asepi, boten sasambetan kaliyan manusa, nanging kawontenanipun ing pawingkingipun kosok-wangsul blejed, ngantos kaladukanipun, para pandhèrèkipun agami wau ing sapunika sami mempeng ngetog nelasaken karosanipun muhung kanggé ngoyak saéning kawontenanipun dunyawi, nyingkur babar pisan dhateng akhirat. Dados para titiyang wau nama ngambah margi ingkang kosokwangsul blejed kaliyan margi ingkang dipun ambah déning para Bapa-babuning Nasrani jaman wiwitan. Lah inggih awit saking punika mila surat punika, ingkang kénging winastan nyariyosaken sadaya lalampahanipun agami Nasrani, wonten ing wiwitanipun ngrembag sasambetanipun agami Nasrani kaliyan guwa, inggih punika kaliyan tatananipun kapandhitan, sarta wonten ing wekasanipun ngrembag pakaryanipun dunyawi agami Nasrani, inggih punika kawontenanipun agami Nasrani ing pawingkingipun. Kawontenan warni kalih punika kasasmitakaken wonten ing jujuluk *Ashâbu-l-kahfi wa-r-raqîm*, jawinipun *para mitraning guwa lan tulis* (mirsanana 1481).

Sasambetanipun kaliyan surat ingkang sampun

Surat ingkang sampun, mangandikakaken bilih titiyang Israil tuwin siksa ingkang dipun sandhang ambal kaping kalih. Siksa ingkang kaping kalih punika magepokan kaliyan anggènipun sami angemohi Kanjeng Nabi ‘Isa, milanipun surat ingkang sampun punika dipun pungkasi kalayan pratélan ingkang anedahaken lepatipun piwulang Allah puputra, sarta piwulang punika ugi dipun dhawuhaken menggah ing lepatipun wonten ing wiwitanipun surat punika. Dados sasambetanipun surat kakalih wau sampun cetha. Langkung-langkung agami Nasrani makaten menggah ing sajatos-jatosipun babaranipun agami Yahudi, manawi satunggal dipun sebutaken, satunggalipun inggih kedah dipun sebutaken ugi.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika dipun wiwiti kalayan dhawuh ingkang pratéla ngeblak wigatos nglepataken piwulang Nasrani bab jumenengipun Kanjeng Nabi ‘Isa dados putraning Allah, salajengipun lajeng anyebutaken “papaés” bumi, ingkang ngalang-alangi bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani nampèni yakti; éwadéné kadhawuhaken, bilih para luluhuripun titiyang Nasrani duk ing kina, punika sami mempen asepi, medhot babar pisan saking sawarnining sasambetan kaliyan bumi, karana anggènipun ngantepi agaminipun. Ruku’ ingkang kaping kalih saha kaping tiga ngandharaken cariyosipun para taruna Nasrani ingkang sami ngungsi dhateng guwa; nanging tétéla manawi cariyos wau mengku suraos ingkang langkung lebet malih, sarta isi piweca ingkang wigatos nyebutaken lalampahanipun agami Nasrani piyambak ing pawingkingipun. Ruku’ ingkang kaping sakawan nerangaken bilih jamanipun agami Nasrani sampun kapengker, tuntunan ingkang sajati sapunika Quran Suci ingkang maringaken. Ruku’ ingkang kapig gangsal paring gagambaran kalayan sanépa, bilih para Nasrani mesthi badhé angemohi yakti, margi saking agenging panguwaosipun tuwin kathahing bandhanipun. Kalih ruku’ candhakipun mangandikakaken bab para ingkang sami kalepatan sami dipun pancasi ing pangadilan tuwin anggèning sami atanpa daya temahanipun. Ruku’ candhakipun malih anedahaken anggènipun sami nglirwakaken pèpènget nalika kaparingaken ing sakawit. Ruku’ ingkang kaping sanga tuwin kaping sadasa ngambali malih lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa, ingkang anggènipun lalana ngupados kawruh anjalari panjenenganipun kapanggih kaliyan satunggaling tiyang kakasihing Pangéran, ingkang putus ing kawruh langkung katimbang lan panjenenganipun piyambak. manawi cariyos punika kasuraos mangandikakaken Mi’raj-ipun Kanjeng Nabi Musa, cariyos wau lajeng kénging dipun werdèni wigatos nandhing antawising saré’atipun Kanjeng Nabi Musa ingkang rupak, kaliyan saré’at Islam ingkang sifatipun nyakup tiyang sajagad saha ingkang luhur temenan èstinipun. Ruku’ ingkang kaping sawelas mangandikakaken sang nata Darius I, inggih punika ingkang wonten ing supenanipun nabi Daniél kawarna asingat kalih (*dhu-l-qarnain*), sarta anggènipun sarosa ngayoni pancer kakalih ingkang winastan Ya’juj lan Ma’juj (tiyang Jawi mastani Ja Makjuja), déné maksudipun ingkang sajati punika piweca ingkang nyasmitakaken panunggilanipun Ya’juj lan Ma’juj wau ing jaman akhir. Ruku’-ipun ingkang wekasan surat punika anyebutaken malih kalayan tetembungan ingkang terang gamblang piwulangipun agami Nasrani ingkang mangka tatales sarta kawegiganipun ingkang langkung ing sasami bangsa-bangsa ingkang ngaken nganggé agami wau, *kang sasar lakuné ing dalem kauripan donya;* lah punika nyitra gambaripun ingkang plek sanget kawontenanipun bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani jaman samangké punika.

Titimangsa tumurunipun

Sagemblengipun surat punika katurunaken ing Makkah, sarta bokmanawi kémawon kagolong jaman Makkah tengahan, inggih punika kinten-kinten jaman taun 4 dumugi 8 ing sadèrèngipun Hijrah.

RUKU' 1

Pèpènget dhateng titiyang Nasrani

1-3. Quran Suci aparing pèpènget pawartos bibingah. 4, 5. Piwulang bab kaputran punika panasaran. 6. Prihatosipun Kanjeng Nabi dhateng para ingkang sami angajengaken piwulang punika. 7, 8. Kaéndahaning donya punika boten langgeng. 9. Para ingkang manggèn ing guwa. 10-12. Lalampahanipun kala rumiyinipun.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Sakèhing pangalembana iku kagunganing Allah, Kang wus anurunaké Kitab marang kawula-Né, sarta ing jeroné Panjenengané ora adamel béngkong.[1478]

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْٓ اَنْزَلَ عَلٰى عَبْدِهِ الْكِتٰبَ وَلَمْ يَجْعَلْ لَّهٗ عِوَجًا ۜ ①

Ut. *Kang rumeksa marang yakti*

2 *Kang anuntun marang bener*,[1478A] supaya dhèwèké apéling pasiksan kang abanget saka ngarsané Panjenengané, sarta amartani bubungah para angèstu kang padha alaku becik, yèn bakal padha olèh pituwas kang becik,

قَيِّمًا لِّيُنْذِرَ بَأْسًا شَدِيْدًا مِّنْ لَّدُنْهُ وَيُبَشِّرَ الْمُؤْمِنِيْنَ الَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ الصّٰلِحٰتِ اَنَّ لَهُمْ اَجْرًا حَسَنًا ۙ ②

1478. Pangandikanipun Kanjeng Nabi ing ngandhap punika saged anerangaken kalayan gumathok, punapa tegesipun Dajjal jumedhul ing jaman akhir punika. Hadits punika wonten ing kitab hadits ingkang kénging pinitados sanget, kaanggep sahih (kénging dipun anggé gondhèlan). Hadits pangandika Nabi wau makaten suraosipun: *Abu Darda, ngriwayataken yèn Kanjeng Nabi (muga-muga salam lan rahmaté Allah tetep ing panjenengané) ngandika mangkéné: Sing sapa wongé éling sepuluh ayat kang wiwitan ing surat Kahfi, bakal rineksa saka fitnahé (panganiayané) Dajjal*. Syi'bah nyebutaken sadasa ayat ing pungkasaning surat Kahfi, boten wiwitanipun (Muslim).

Lah, dados miturut hadits punika, ayat sadasa ing wiwitan utawi ing pungkasanipun surat punika, punika dados pangreksa saking piawonipun Dajjal. Lah manawi kita ningali jejering rembag ingkang mligi karembag wonten ing ayat-ayat wau, tétéla ing dalem ruku'-ipun surat punika ingkang wiwitan saha ingkang wekasan, punika anglepataken sanget piwulang bab kapangérananipun Kanjeng Nabi 'Isa. Ing dalem ruku' ingkang wiwitan, para ingkang sami wicanten bilih Gusti Allah amundhut putra, dipun pèpèngeti; ing dalem ruku' ingkang wekasan, ingkang dipun pèpèngeti para ingkang sami nganggep Pangéran dhateng manusa. Piwulang kalih-kalihipun wau sadaya dados dhasar tatalesirg pangandelipun agami Nasrani kados wontenipun ing samangké. Quran Suci boten naté mangandikakaken bab jumedhulipun Dajjal; nanging hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi kasebut nginggil wau, anedahaken kalayan terang, bilih ingkang sinebut Dajjal wonten ing haditsipun Kanjeng Nabi, punika inggih lepatipun piwulang Nasrani bab kapangérananipun Kanjeng Nabi 'Isa lan bab jumenengipun dados putraning Allah, kados ingkang asring karembag wonten ing Quran Suci punika. Agami Nasrani kados wontenipun ing samangke, punika sulaya sanget kaliyan piwulargipun Kanjeng Nabi 'Isa ingkang sajati. Milanipun kados boten wonten sanès "*Antikhrist*" utawi Dajjal cara Quran, punika kajawi inggih namung agami Nasrani wau. Prayogi dipun wewahi katrangan, bilih Dajjal punika tegesipun: *tiyang ingkang ngumpetaken yakti kaliyan panggorohan* (LL), utawi *tukang dora-cara* (TA-LL), utawi *gembonging tukang apuskrama* (LL).

1478A. Ing ngriki katerangaken, bilih Quran punika sinung sisifatan warni kalih. Sapisan Quran punika sabda ingkang sampurna; *sarta ing jeroné Panjenengané ora damel bèngkong*, dados Quran

3 Padha manggon ing kono salawasé;

مَّاكِثِينَ فِيهِ أَبَدًا ﴿٣﴾

4 Lan (supaya) dhèwèké amènèhi pépéling para kang padha calathu: Allah iku angalap putra.

وَيُنذِرَ الَّذِينَ قَالُوا اتَّخَذَ اللَّهُ وَلَدًا ﴿٤﴾

5 Dhèwèké padha ora duwé kawruh prakara iku, mangkono uga bapak-bapakné; iku tembung ambabayani, kang metu saka ing cangkem-cangkemé, ora liya kajaba mung padha ngucapaké panggorohan.

مَّا لَهُم بِهِ مِنْ عِلْمٍ وَلَا لِآبَائِهِمْ ۚ كَبُرَتْ كَلِمَةً تَخْرُجُ مِنْ أَفْوَاهِهِمْ ۚ إِن يَقُولُونَ إِلَّا كَذِبًا ﴿٥﴾

6 Lah ta manawa-manawa nganti sira asuduk jiwa saka susah déning anggonira mrihatinaké marang dhèwèké, manawa dhèwèké padha ora angèstu marang undhang iki.[1479]

فَلَعَلَّكَ بَاخِعٌ نَّفْسَكَ عَلَىٰ آثَارِهِمْ إِن لَّمْ يُؤْمِنُوا بِهَٰذَا الْحَدِيثِ أَسَفًا ﴿٦﴾

7 Sayekti, anggon-Ingsun andadèkaké sabarang kang ana ing sadhuwuring bumi iki minangka papaèsé (bumi), dadia panodhi-Ningsun marang dhèwèké, sapa sing luwih becik ing laku.

إِنَّا جَعَلْنَا مَا عَلَى الْأَرْضِ زِينَةً لَّهَا لِنَبْلُوَهُمْ أَيُّهُمْ أَحْسَنُ عَمَلًا ﴿٧﴾

---

piyambak punika sampurna. Kaping kalih, Quran punika kitab ingkang mungguh sanget kanggé nyampurnakaken ngasanès, awit Quran punika sinebut *qayyim*, ingkang tegesipun: *ingkang anedahaken ing ngasanès dhateng margi ingkang leres tanpa nyimpang mrika utawi mriki*. Utawi anggènipun sinebut *qayyim* punika margi Quran makaten ingkang mranata saulah kridhaning manusa, utawi ingkang rumeksa kasunyatan ruhani, ingkang mesthi sirna babar pisan saking jagad punika saupami botena kareksa déning Quran Suci.

1479. Ayat punika maringi seserepan dhateng kula sami, sapinten genging prihatosipun Kanjeng Nabi Suci margi risakipun kamanusan sadaya, ngantos kapangandikakaken ing ngriki, mèh-mèh kémawon badhé *asuduk jiwa margi saking sungkawa*. Sugengipun Kanjeng Nabi, punika sugeng ingkang muhung kanggé lalados ing kaperluaning manusa sadaya. Prakawis ingkang dipun wigatosaken sanget déning panjenenganipun, boten wonten sanès kajawi namung mamrih supados para manusa samia sumengka ing ngaluhur anggayuh kaluhuranipun ingkang sajatos, kados ingkang dipun karsakaken ing Pangéran tumrap tumitahipun manusa. Ingkang dipun prihatosaken, boten ngemungakaken para ingkang kalayan aben-ajeng tampi wasitanipun kémawon, nanging, kados déné ingkang kacetha wonten ing suraosing dhawuh, ugi nyrambahi dhateng umat sanès ingkang sami nganggep Pangéran kagungan putra, ingkang margi kerup déning gebyaring kaéndahan lahir, para titiyang wau dados sasar-susur ngantos babar pisan boten wanuh dhateng kasunyatan ruhani. Manawi ayat candhakipun dipun cundhukaken kaliyan ayat punika, lajeng cetha lan boten wonten semang-semangipun malih, bilih Kanjeng Nabi dipun paringi pirsa bab prakawis papaès ing bumi ingkang dados cobi ageng tumrap jagad Nasrani ing jaman samangké.

8 Lan sayekti, sabarang kang ana ing sadhuwuré mau bakal Ingsun dadèkaké lemah lagis angenthak-enthak.[1480]

وَإِنَّا لَجَاعِلُونَ مَا عَلَيْهَا صَعِيدًا جُرُزًا ۝٨

9 Utawa, apa sira ngira, manawa para Mitraning Guwa sarta Tulis, iku padha kalebu pratandha-pratandha-Ningsun kang angéram-éramaké?[1481]

أَمْ حَسِبْتَ أَنَّ أَصْحَابَ الْكَهْفِ وَالرَّقِيمِ كَانُوا مِنْ آيَاتِنَا عَجَبًا ۝٩

Tembung *hadits* punika ateges *anyar*, milanipun lajeng kanggé nembungaken cariyos utawi andharan utawi undhang-undhang ingkang anyar utawi ingkang suka katerangan ingkang anyar. Déné tumrap ing ngriki, ingkang dipun karsakaken Quran.

1480. Ayat 7 lan ayat 8, punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng para manusa bilih kaéndahanipun gesang sapunika punika boten langgeng ing salami-laminipun. Pasitèn ingkang adi tuwin kitha ingkang saé-saé, ingkang wonten ing satunggaling jaman, punika yasan énggal ing sasirnanipun ingkang rumiyin-rumiyin. Tiyang ingkang dudunung wonten ing saganten wedhi ing tanah Arab, ingkang tanpa wonten sasawanganipun kajawi namung siti pasir tuwin gumuk lagis ingkang pating jenggeleg, mesthi kémawon boten saged nganthak-nganthakaken, bilih bumi punika tuhu rinengga ing papaès. Déné gagambaran ingkang kawarsitakaken wonten ing ngriki, punika genah manawi gambaripun kitha-kitha ingkang adi-adi, ingkang sarwa pepak samukawisipun ingkang nanarik manah, tuwin sarwa mubra-mubru aluluwihan, ingkang anliwengaken manusa, ngantos boten sami purun anggapé dhateng wasitanipun yakti sarta boten purun marsudi dhateng katulusan. Suprandéné saben wonten barang anyar, mesthi inggih wonten barang ingkang risak. Tiyang ingkang sami manggung wonten ing dalem gesang mubra-mubru, inggih boten saged suminggah saking risak. Lah inggih risakipun para titiyang wau, ingkang kadhawuhaken wonten ing dhawuh ingkang mungel *lemah lagis angenthak-enhtak (tanpa ana thuthukulané)* punika. Lindhu lan peperangan ingkang anggigirisi, adamel risakipun kitha ingkang saé-saé. Piweca-piweca ing dalem Injil, lan ing Quran Suci, kalayan terang sampun amecakaken badhé wontenipun satunggaling jaman, ingkang nalika punika bangsa satunggal kaliyan satunggalipun badhé peperangan brubuh amuk-amukan, sarta badhé kalampahan wonten lindhu ageng-ageng. Dados astanipun Pangéran ingkang kinawasa punika, saged tiningalan kalayan cetha makardi wonten ing babadipun jagad.

1481. *Kahf* punika tegesipun guwa utawi ateges *papan pangungsèn*. Déné *raqîm* tegesipun *seratan* utawi *blèbèkan ingkang wonten seratanipun*. Kados déné ingkang sampun kula terangaken wonten ing bubukanipun surat punika, *guwa* punika minangka ngibarating jenggerengipun agami Nasrani ingkang khusus, inggih punika ingkang gumelaripun maujud wonten ing kapandhitan. Lah inggih kapandhitan punika sifatipun agami Nasrani ingkang miyambaki, ingkang wontenipun boten let dangu kaliyan jaman lairipun agami Nasrani wau. Lajeng seratan punika punapa? Saking pamanggih kula, tembung punika mengku piweca ingkang anerangaken kawontenanipun agami Nasrani sanèsipun malih, ingkang kosokwangsul blejed kaliyan kawontenanipun agami Nasrani ing sakawit, nalika tumuwuh wonten ing *guwa*. Menggah ing sajatos-jatosipun, *seratan* punika dados gambaripun ingkang melok dadagangan utawi pandamelanipun bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani ing jaman sapunika, boten prabéda guwa, punika dados gambaring pakaryanipun titiyang Nasrani nalika jaman wiwitan. Ambokmanawi kémawon anggènipun Quran Suci milih jujuluk punika, kanggé mastani bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani, punika kalayan mengku karsa anedahaken sifatipun ingkang enggel para titiyang wau, ing nalika jaman wiwitan lan ing jaman pawingkingipun. Dados sajakipun ingkang kasasmitakaken wonten ing tembung *guwa* saha ing *seratan*, punika kawontenanipun agami Nasrani nalika ing jaman wiwitan sarta nalika ing pawingkingipun: *agami kapandhitan malih dados agami pandamelan ngupados pangupajiwa*; *guwa* minangka ngibaratipun ingkang angka satunggal (agami kapandhitan), déné seratan minangka ngibaratipun ingkang angka kalih wau. Déné cariyosipun para ingkang dudunung wonten ing *guwa*, mirsanana 1483.

10 Nalikané para nom-noman padha ngungsi marang guwa banjur padha munjuk: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing wilasa ing kawula saking ngarsa Tuwan, sarta mugi anyadhiyani margi leres dhateng kawula tumrap prakawis kawula.

إِذْ أَوَى الْفِتْيَةُ إِلَى الْكَهْفِ فَقَالُوا رَبَّنَآ
آتِنَا مِن لَّدُنكَ رَحْمَةً وَهَيِّئْ لَنَا
مِنْ أَمْرِنَا رَشَدًا ﴿١٠﴾

11 Tumuli Ingsun angaling-alingi ing pangrunguné ing jeroning guwa sawatara taun wilangané,[1482]

فَضَرَبْنَا عَلَىٰٓ ءَاذَانِهِمْ فِى الْكَهْفِ
سِنِينَ عَدَدًا ﴿١١﴾

12 Tumuli padha Ingsun tangèkaké, supaya Ingsun angudanènana, rong golongan iku endi sing luwih bisa angétung suwéné pamanggoné.[1482A]

ثُمَّ بَعَثْنَاهُمْ لِنَعْلَمَ أَىُّ الْحِزْبَيْنِ
أَحْصَىٰ لِمَا لَبِثُوٓا أَمَدًا ﴿١٢﴾

RUKU' 2

Ingkang sami manggèn ing guwa

13 Ingsun acarita marang sira caritané dhèwèké kalawan yekti; sayekti dhèwèké iku nom-noman kang padha angèstu ing Pangérané, sarta padha Ingsun undhaki pituduh.[1483]

نَّحْنُ نَقُصُّ عَلَيْكَ نَبَأَهُم بِالْحَقِّ ۚ
إِنَّهُمْ فِتْيَةٌ ءَامَنُوا بِرَبِّهِمْ وَزِدْنَاهُمْ هُدًى ﴿١٣﴾

1482. Nalika nerangaken ayat punika, TA nerangaken, bilih tegesipun ukara ضربنا على اذانهم punika منعناهم السمع inggih punika: *ngaling-alingi ing pangrunguné*. Makaten punika katerangan-ipun Dk, sarta ingkang makaten punika langkung celak kaliyan suraosipun ingkang asli tembung wau, awit salah satunggaling tegesipun tembung *dlaraba* punika *sadda*, inggih punika *ngaling-alingi* (TA-LL). *Ngaling-alingi pamireng* punika lajeng dipun suraos sami kaliyan: *nilemaken*. Nanging nitik suraosing dhawuh, gathukipun kaliyan dhawuh nginggilipun lan ngandhapipun, teges ingkang asli punika langkung trep kanggé negesi; déné suraosipun: para taruna wau pedhot sasambetanipun kaliyan jagad (jaman karaméan) ngantos sawatawis taun laminipun, ngantos boten mireng punapa ingkang kalampahan wonten ing jagad ing sajawinipun. Dados Quran Suci boten tumut-tumut nyariyosaken cacriyosanipun para nèm-nèman wau ingkang ngantos atusan taun laminipun wonten ing guwa utawi wonten ing salebeting kawontenan tilem ing sadangunipun wekdal atus-atusan taun wau.

1482A. *Dipun tangèkaken* punika saged dipun tegesi *dipun tangèkaken saking anggènipun tilem*, utawi ugi kénging dipun tegesi *dipun tangèkaken saged makardi*, ing sasampuning sami kapedhot sasambetanipun kaliyan jagad, kados déné ingkang kasebutaken wonten ing ayat ingkang sampun. Punika mengku suraos kados pundi, gandhèngipun kaliyan cariyos punika piyambak, utawi kaliyan babadipun agami Nasrani, katerangaken wonten ing ruku' ingkang kaping kalih lan kaping tiga.

1483. Cariyosipun "*Ashhâbu-l-Kahfi wa-r-Raqîm*" utawi "*Mitranirg Guwa lan Tulis*" punika sami kaliyan cariyos (ingkang sampun mratah ing tanah kilèn) ingkang winastan: cariyosipun "*Tiyang pipitu*

ingkang sami tilem" ("*Seven Sleepers*"). Déné cariyos punika inggih punika cariyos papréntahanipun Maharaja Decius. Kacariyos wonten para mudha trahing ngawirya ing Ephesus cacah pipitu, ngungsi dhateng salebeting guwa perlu sumingkir saking panganiayanipun Maharaja Decius. Sareng sang prabu midhanget, lajeng andhawuhaken supados cangkeming guwa dipun tutup ingkang rapet lan santosa, sarana dipun tumpuki séla ingkang ageng-ageng. Kacariyosaken, sareng para mudha wau kasumpet wonten ing salebeting guwa, sanalika lajeng sami tilem, nglilir-nglilir sareng sampun let 187 taun sasampunipun kasumpet wau, inggih punika nalika jaman papréntahanipun sang nata Theodosius. Déné jalaranipun lajeng sami nglilir wau, awit séla tutuping guwa dipun pendheti déning réncang tumbasanipun satunggaling tiyang ingkang namanipun Adolius, badhé dipun anggé babakalaning sawenèh yayasan. Salah satunggalipun para mudha pipitu wau, namanipun Yamblicus, dipun kengken ngupados tetedhan dhateng kitha, nanging piyambakipun lajeng dipun prakawis amargi anggènipun badhé tutumbas mawi arta nalika jamanipan Maharaja Decius. Cekakipun, lalampahanipun para mudha wau lajeng kasumerepan. Dipun cariyosaken, bilih sang nata piyambak mirsani pasuryanipun ingkang sumorot mawa praba para mudha pipitu wau. Makaten wau manut anggènipun nyariyosaken tuwan Gibbon. Nanging wonten tiyang sanès malih ingkang nyariyosaken, bilih para mudha wau anggènipun wonten ing salebeting kawontenan ingkang kados makaten wau ngantos 375 taun.

Cariyos punika mèmper manawi wonten leresipun, boten kétang sakedhik. Malah boten namung mèmper kémawon, nanging kapara sampun genah. Awit upamia boten wonten leresipun babar pisan, mokal ngantos samanten tebaning sumiyaripun. Cariyos ingkang kagancaraken wonten ing Quran Suci, boten ngéloni péranganing lalampahan ingkang nyebal ing kudrat kados ing cariyos ingkang kaandharaken ing nginggil wau. Quran Suci namung mangandikakaken, bilih wonten tiyang sawatawis ngungsi dhateng guwa ingkang peteng, karana nyingkiri panganiaya margi nglampahi agami. Ing pundi lan kala punapa, Quran boten nyebutaken. Lah inggih namung punika ingkang kasebutaken ing ruku' punika ingkang ngandharaken cariyos wau, sajakipun cariyos punika taksih dipun lajengaken wonten ing ruku' ingkang kaping tiga; nanging ugi wonten sawenèhing panyuraos bilih ruku' ingkang kaping tiga wau gagambaran ingkang mangka piweca, ingkang mecakaaken gesangipun agami Nasrani piyambak ing tembé wingkingipun. Manawi panyuraos ingkang sapisan wau ingkang dipun anggé, ruku' ingkang kaping tiga wau namung anyariyosaken makaten: Sasampunipun para nèm-nèman wau lèrèh sawatawis wekdal, ing dinten wau ugi lajeng sami rarakit ngupados tedha saking jawi. Lah para titiyang wau lastantun dumunung wonten ing kawontenan ingkang kados makaten punika, ambokmanawi kémawon ngantos sawatawis taun dangunipun. Nanging ing wasananipun konangan, cangkeming guwa lajeng dipun pasangi tutup ingkang santosa, andadosaken lan curesipun para nèm-nèman wau. Quran Suci nyebutaken panginten-inten warni-warni bab prakawis cacahipun para nèm-nèman wau lan pinten taun dangunipun anggènipun sami wonten ing salebeting guwa, nanging boten naté nyebutaken punapa-punapa kajawi namung mangandikakaken, bilih para nèm-nèman wau wonten sawatawis cacahipun, sarta anggènipun wonten ing ngriku ngsntos sawatawis taun dangunipun.

Wonten malih pamanggih sanès ingkang ugi pinanggih ing nalar sanget, inggih punika: tiyang ingkang sami kawarsitakaken ing ngriki punika Yusuf Arimathea tuwin tiyang Nasrani jaman wiwitan sanès-sanèsipun malih sawatawis. Déné panggènan ingkang dipun anggé ngungsi punika Glastonburry ing nagari Inggris, ingkang margi panggènan punika dunungipun wonten ing sisih lèr, ceples sanget kaliyan kawontenanipun guwa kados ingkang katerangaken ing dalem Quran punika. Miturut tuwan William ing Malmesbury, Yusuf Arimathea "punika kakintun déning St. Philip dhateng nagari Inggris, sarta ing sasampunipun angsal pulo alit ing Somersetshire, lajeng angedhegaken Gréja Nasrani ing nagari Inggris ingkang wiwitan. Déné ingkang dipun anggé, pang-panging wit-witan ingkang dipun elak-eluk dipun anam. Ing pawingkingipun Gréja wau lajeng dados wihara ing Glastonbury. Dodongèngan nyariyosaken, bilih agemipun teken dipun tancebaken ing siti ingkang lajeng dados wit ingkang mawa eri, ingkang medal sekaripun setaun kaping kalih" (En. Br. Art. "Yoseph of Arimathea"). Kasebut ing En. Br. cap-capan ingkang kaping sadasa, kacariyos bilih Yusuf Arimathea punika anggènipun "lalana dhateng nagari Inggris nalika taun 63." "Wit mawa eri ing Glastonbury wau kacariyos pancèn nyalènèh, sarta asring dipun sujarahi ngantos dumuginipun dipun sirnakaken nalika kiwa tengenipun jaman Pambangunan (jaman *Hervorming*)." Malih, kasebut ing En. Br. bab Glastonbury: "Miturut dodongèngan ingkang mratahipun kanthi dipun ayomi déning para pandhita, Gréja ing Glastonbury ingkang wiwitan, punika awujud griya alit ingkang kadamel saking sasak ingkang dipun damel déning Yusuf Arimathea, nalika panjenenganipun wau dados panuntuning duta kalihwelas ingkang kautus déning St. Philip saking nagari Prancis kina (Gaul) dhateng nagari Inggris."

14 Lan atiné padha Ingsun teguhaké nalikané padha ngadeg lan calathu: Pangéranku iku Pangéraning langit-langit lan bumi, ora pisan aku padha anyebut sesembahan saliyané Panjenenganė, mundhak aku iki padha angucapaké panggorohan kaliwat-liwat temenan.[1483A]

وَرَبَطْنَا عَلٰى قُلُوْبِهِمْ اِذْ قَامُوْا فَقَالُوْا
رَبُّنَا رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ لَنْ نَّدْعُوَاْ
مِنْ دُوْنِهٖٓ اِلٰهًا لَّقَدْ قُلْنَآ اِذًا شَطَطًا ﴿١٤﴾

15 Iki, bangsaku, padha angalap sesembahan saliyané Panjenenganė; yagéné padha ora anganakaké wisésa kang terang minangka pambélané? Lah sapa sing luwih atindak dudu tinimbang wong kang agawé-gawé goroh tumrap marang Allah?

هٰٓؤُلَآءِ قَوْمُنَا اتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِهٖٓ اٰلِهَةً ؕ
لَوْلَا يَاْتُوْنَ عَلَيْهِمْ بِسُلْطٰنٍۭ بَيِّنٍ ؕ فَمَنْ
اَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا ﴿١٥﴾

16 Lan samangsa kowé aninggal dhèwèké dalah apa sing dikawulani saliyané Allah, lah padha angungsia marang guwa, Pangéranmu bakal anggelar wilasa-Né, sarta nyawisi kowé dadalan kang makolèhi tumrap ing prakaramu.

وَاِذِ اعْتَزَلْتُمُوْهُمْ وَمَا يَعْبُدُوْنَ اِلَّا اللّٰهَ
فَاْوٗٓا اِلَى الْكَهْفِ يَنْشُرْ لَكُمْ رَبُّكُمْ مِّنْ
رَّحْمَتِهٖ وَيُهَيِّئْ لَكُمْ مِّنْ اَمْرِكُمْ مِّرْفَقًا ﴿١٦﴾

Malih, dodongèngan-dodongènganipun "Tuwung Suci," punika ugi anggandhèng asma Yusuf Arimathea kaliyan nagari Inggris. Manut salah satunggaling dodongèngan punika, Tuwung ingkang kagem bojana ingkang wekasan piyambak (déning Kanjeng Nabi 'Isa), punika dipun pasrahaken dhateng Yusuf supados kasimpen. Miturut dodongèngan sanès malih, "kacariyos Tuwung wau tumutur Yusuf dhateng nagari Inggris" (En. Br. Art "Grail"). Sadaya punika saged ugi namung lugu dodongèngan balaka, nanging inggih boten kok tanpa wonten ingkang nyata babar pisan. Sambetipun asma Yusuf Arimathea kaliyan nagari Inggris, punika kawontenan nyata ingkang enggel piyambak ingkang sumelip wonten ing dodongèngan wau sadaya. Saya melok malih punika, déné Yusuf Arimathea ingkang pinanggihipun wonten ing cacriyosanipun Injil sekawan ingkang pungkasan katingal onjo, ngantos kaanggep sahabatipun Kanjeng Nabi 'Isa déning salah satunggalipun kitab Injil, teka lajeng boten kocap babarpisan wonten ing babadipun agami Nasrani, kados déné babad lalampahan anggènipun makarya para rasul punika. Lah manawi makaten, punapa kintenipun kénging kaanggep bilih tiyang ingkang kasebutaken wonten ing cariyos "Mitraning Guwa lan Tulis" punika Yusuf Arimathea lan kanca-kancanipun? Manawi jawabipun kénging, lah nagari Inggris punika kénging kawastanan *guwa* ingkang kasebutaken ing Quran Suci punika. Déné katrangan kawontenanipun guwa kados déné ingkang kasebutaken wonten ing ayat 17, punika inggih cèples kaliyan nagari Inggris wau (mirsanana 1484). Éwadéné manawi jawab kita dhateng pitakènan wau boten ngéngingaken, cacriyosan wau piyambak, boten kok atanpa mengku teges ingkang langkung lebet. Langkung saking satunggal, katrangan ingkang anedahaken, bilih cacriyosan wau anyasmitani babadipun agami Nasrani piyambak.

1483A. Punika kanggé anedahaken, bilih pandhèrèking agami Nasrani jaman wiwitan punika sami tiyang *Muwahhidin* (inggih punika tiyang ingkang mangéran dhateng Pangéran Ingkang-Mahatunggal).

17 Lan sira bakal bisa weruh sréngéngé nalikané mlethèk mengléng saka ing guwané marang sisih tengen, sarta nalika surup angliwati dhèwèké ana ing sisih kiwané, tuwin pamanggoné padha ana ing godhagané kang ombèr. Iki kalebu tandha-tandhaning Allah; sapa sing katuntun déning Allah, iku kang olèh tuntunan bener, lan sapa sing
a. 44, 1312 disasaraké,[a] lah ora bakal sira olèh mitra kang anuntun ing bener tumrap marang dhèwèké.[1484]

وَتَرَى الشَّمْسَ إِذَا طَلَعَت تَّزَاوَرُ عَن
كَهْفِهِمْ ذَاتَ الْيَمِينِ وَإِذَا غَرَبَت
تَّقْرِضُهُمْ ذَاتَ الشِّمَالِ وَهُمْ فِي فَجْوَةٍ
مِّنْهُ ذَٰلِكَ مِنْ آيَاتِ اللَّهِ مَن يَهْدِ
اللَّهُ فَهُوَ الْمُهْتَدِ وَمَن يُضْلِلْ فَلَن تَجِدَ
لَهُ وَلِيًّا مُّرْشِدًا ﴿١٧﴾

RUKU' 3

Ingkang sami manggèn ing guwa

Ut. *prayitna*
Ut. *kabesturon*
Ar. *dhèwèké*
Ar. *dhèwèké*

18 Lan mbokmanawa sira ngira yèn dhèwèké *melèk*, kang mangka padha *turu*, sarta padha Ingsun galébag-galébagaké alihan manengen lan mangiwa, déné asuné andalosoraké sikilé ing lawangan; upama sira weruha *iku*, amasthi sira bali lumayu anggendring saka *ing kono*, sarta amasthi sira kaèbekan ing wedi amarga saka *iku*.[1485]

وَتَحْسَبُهُمْ أَيْقَاظًا وَهُمْ رُقُودٌ وَ
نُقَلِّبُهُمْ ذَاتَ الْيَمِينِ وَذَاتَ الشِّمَالِ
وَكَلْبُهُم بَاسِطٌ ذِرَاعَيْهِ بِالْوَصِيدِ
لَوِ اطَّلَعْتَ عَلَيْهِمْ لَوَلَّيْتَ مِنْهُمْ فِرَارًا
وَلَمُلِئْتَ مِنْهُمْ رُعْبًا ﴿١٨﴾

1484. Ayat punika boten mangandikakaken, bilih lampahipun surya éwah sacara nyebal ing pangadatan. Babar pisan ayat punika boten mangandikakaken éwah-éwahan. Ingkang kapangandikakaken namung bab prakawis prenahipun guwa, ingkang ngantos boten kasorotan ing soroting surya. Punika saged kémawon kalampahan, manawi cangkeming guwa punika majeng mangalèr (tumrap ing tanah sepalihing bumi ingkang sisih lèr – Noordelijk halfrond – tur kaprenah ing saleripun Kreeftskeerkring). Menggah ing sajatos-jatosipun, sisifatanipun guwa wau, ceples kaliyan kawontenanipun nagari pundi kémawon ingkang kaprenah ing sapalihing bumi ingkang sisih lèr tur ing salèripun Kreeftskeerkring. Prayogi dipun pèngeti, bilih bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani, punika ingkang makmur ngemungaken ingkang sami dudunung ing nagari-nagari ingkang kaprenah ing sapalihing bumi ingkang sisih lèr, tuwin ing nagari-nagari ingkang kaprenah ing salèripun tanah Arab. Dados, ing saprakawis, saindhenging buwana Éropah punika nocogi kaliyan sisifatanipun guwa wau.

1485. Andharan ing ruku' punika, terang manawi cèples kaliyan cariyosipun tiyang pipitu ingkang sami tilem, makaten ugi inggih cèples kaliyan babadipun agami Nasrani ing jaman akhir. Manawi nganggé panyuraos ingkang sapisan, mengku teges, para mudha ingkang sami lumajeng karana ajrih ing panganiaya saha lajeng singidan wonten ing guwa, punika lajeng sami tilem ing sawatawis wekdal, kaliyan segawonipun wonten ing cangkeming guwa. Kawontenan wau ing sawatawis radi adamel giris. Guwa ingkang peteng andhedhet, kaprenah wonten ing sajawining nagari, tebih saking nagari tur boten kadunungan ing tiyang kathah wonten tiyangipun sawatawis tilem wonten ing ngriku, tur wonten segawonipun punapa wonten ing cangkeming guwa; mesthi kémawon adamel girising manahipun tiyang ingkang kapinujon nyumerepi. Manawi kacundhukaken kaliyan babadipun agami Nasrani,

19 Lan kaya mangkono anggon-Ingsun anangèkaké dhèwèké, supaya padha takon-tinakon *dhéwé*. Sawenèhé ana siji kang calathu: Wis sapira suwéné alèhmu manggon (ing kéné)? Wangsulané: Olèhku padha manggon (ing kéné) sadina utawa bagéané sadina. (Liyané) padha calathu: Pangéranmu luwih udani sapira suwéné pamanggonmu.[1486] Mulané padha kongkonana baé salah sijimu, anggawa dhuwitmu salaka iki, marang kutha; banjur konen andeleng endi panganan kang luwih suci, banjur iku konen nganggo ngolèhaké panganan kowé, sarta konen di alus ing laku, tuwin aja nganti ameruhaké lalakonmu marang wong siji-sijia:[1487]

Ar. *antara-né dhèwèké*

وَكَذَٰلِكَ بَعَثْنَٰهُمْ لِيَتَسَآءَلُوا۟ بَيْنَهُمْ ۚ قَالَ
قَآئِلٌ مِّنْهُمْ كَمْ لَبِثْتُمْ ۖ قَالُوا۟ لَبِثْنَا يَوْمًا
أَوْ بَعْضَ يَوْمٍ ۚ قَالُوا۟ رَبُّكُمْ أَعْلَمُ بِمَا لَبِثْتُمْ
فَٱبْعَثُوٓا۟ أَحَدَكُم بِوَرِقِكُمْ هَٰذِهِۦٓ إِلَى ٱلْمَدِينَةِ
فَلْيَنظُرْ أَيُّهَآ أَزْكَىٰ طَعَامًا فَلْيَأْتِكُم
بِرِزْقٍ مِّنْهُ وَلْيَتَلَطَّفْ وَلَا يُشْعِرَنَّ
بِكُمْ أَحَدًا ﴿١٩﴾

andharan punika ugi cèples. Ing bab punika perlu dipun èngeti, bilih *ruqud* punika ugi ateges: *boten makardi*, utawi *kèndel*. Kadosta miturut TA, رقد عن الامر ateges قعد وتاخر *nebih* utawi *ngunduri prakawisipun*; tuwin رقدت السوق sami kaliyan tembung كسدت inggih punika *pekenipun kèndel* utawi *sepen tumrap dadaganganipun*, sarta *ruqud* punika lingganipun tembung kriya *raqada*. Makaten ugi *aiqâdz*, punika *jama'*-ipun tembung *yaqidz*, ingkang tegesipun *tiyang ingkang boten naté nyepenaken kaprayitnan lan pangatos-atos, utawi tiyang ingkang tansah gumarégah manahipun* (LL). Miturut TA تيقظ الا مر punika ateges: *tanabbaha*, inggih punika *manahipun tansah gumarégah dhateng prakawisipun.*

Galébagan alihan manengen lan mangiwa, ingkang ateges boten sakéca tilemipun, punika ugi kénging dipun anggé nembungaken anggènipun makardi satunggaling tiyang utawi bangsa. Dados saged ugi punika mengku karsa mangandikakaken kabesturonipun bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani ingkang ngantos dangu sanget, sarta anggènipun lajeng lalana ing jagad mangiwa lan manengen, inggih punika sumebar ing sadaya arah. Tiyang dipun kuya-kuya, sami ambekta segawon kanggé rumeksa awakipun saking sato galak. punika boten nama anèh. Suprandéné manawi dipun cundhukaken kaliyan kawontenanipun bangsa Éropah ing jaman samangké, ingkang ugi remen sanget dhateng segawon, sarta ingkang mrika-mriki sami ambekta segawon, punika lajeng kénging kanggé titikan ingkang anedahaken, bilih andharan ing ngriki punika ugi kénging kasuraos nyasmitani babadipun agami Nasrani ing jaman akhir. Kapendhet umumipun, griya Éropah jaman sapunika punika racak anjenggereng lan ngengreng, manawi kacundhukaken kaliyan sisifatanipun guwa ingkang katerangaken ing ngriki, punika inggih cèples lan mèmper.

1486. TA negesi *labts* punika *ibthâ'*, jawinipun *alot*, utawi *rendhet*, utawi *kantun ing damel*. Pitakèn lan jawab punika saged mengku kajeng ing bab prakawis dangunipun anggèning tilem para mudha wau, utawi pinten abad dangunipun bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani anggènipun sami kèndel utawi boten makardi. Boten namung kaping sapisan kémawon Quran Suci mangandikakaken dinten ingkang dangunipun sèwu taun (mirsanana 22: 47 lan sanès-sanèsipun). Dados tembung *dina*, punika tumrapipun babading satunggaling bangsa, saged ateges sèwu taun.

1487. Kawontenan ingkang kaandharaken ing dhawuh punika boten ambetahaken katerangan.

20 Amarga, sayekti, manawa kowé kalah déning dhèwèké, kowé bakal padha dibenturi watu nganti mati utawa diruda peksa ngrasuk agamané, ing satemah kowé padha ora bakal olèh begja salawas-lawasé.

إِنَّهُمْ إِن يَظْهَرُوا عَلَيْكُمْ يَرْجُمُوكُمْ أَوْ يُعِيدُوكُمْ فِي مِلَّتِهِمْ وَلَن تُفْلِحُوا إِذًا أَبَدًا ﴿٢٠﴾

21 Lan kaya mangkono anggon-Ingsun ameruhaké (marang wong-wong) ing dhèwèké,[1488] supaya padha sumurupa yèn janjining Allah iku nyata, sarta yèn *kiyamat* iku ing kono wis ora ana semang-semangé.[1489] Nalika *dhèwèké* padha diya-diniya bab prakarané banjur calathu: Ing sadhuwuré adegana gedhong[1490] – Pangérané luwih angudanèni ing dhèwèké. Para kang padha menang atas prakarané calathu: Sayekti ing sadhuwuré arep padha dak adegi masjid.[1491]

Ut. *sa'at wayahé*

Ar. *antara-né dhèwèké*

وَكَذَٰلِكَ أَعْثَرْنَا عَلَيْهِمْ لِيَعْلَمُوا أَنَّ وَعْدَ اللَّهِ حَقٌّ وَأَنَّ السَّاعَةَ لَا رَيْبَ فِيهَا ۚ إِذْ يَتَنَازَعُونَ بَيْنَهُمْ أَمْرَهُمْ فَقَالُوا ابْنُوا عَلَيْهِم بُنْيَانًا ۖ رَّبُّهُمْ أَعْلَمُ بِهِمْ ۚ قَالَ الَّذِينَ غَلَبُوا عَلَىٰ أَمْرِهِمْ لَنَتَّخِذَنَّ عَلَيْهِم مَّسْجِدًا ﴿٢١﴾

Sasampunipun seger badanipun margi sampun angsal tilem, jalaran sayah déning anggènipun lalampah, lajeng saweg sami gagasan badhé ngupados ingkang katedha wonten ing salebeting guwa ingkang sepen wau. Déné gathukipun kaliyan babadipun agami Nasrani, dhawuh punika saged ugi mengku maksud mangandikakaken anggènipun remen dadagangan bangsa-bangsa ingkang nganggé agami Nasrani.

1488. Inggih punika, piyambakipun mesthi lastantun sami asisingidan, saupami botena karana badhé anyekapi kabetahaning gesang, ingkang angsalipun saking kitha. Inggih awit saking anggènipun medal saking guwa perlu badhé tumbas tetedhan wau, ingkang murugaken lajeng sami konangan déning tiyang kathah ing jawi. Boten kasebutaken, sapinten dangunipun anggèning sami dumunung wonten ing kawontenan makaten punika. Saged ugi ing sawatawis dinten utawi ing sawatawis wulan, lan saged ugi ngantos ing sawatawis taun, nanging ing wasananipun, anggènipun medal saben dinten punika murugaken papan pasingidanipun kasumerepan ing tiyang sanès. Nanging manawi ayat punika kacundhukakaken kaliyan ayat 11, kénging kula wastani ngantos pinten-pinten taun anggènipun sami dumunung wonten ing kawontenan ingkang kados makaten wau. Nanging prakawis ngantos kalih utawi tigang atus taun, punika boten kasebutaken ing pundi kémawon ing Quran Suci. Déné teges ingkang kawengku ing dhawuh punika sadaya, gathukipun kaliyan babadipun bangsa Nasrani, saged dipun kanthak-kanthakaken piyambak.

1489. Temahaning anggènipun sami konangan, punika katerangaken wonten ing pangandika, ingkang nerangaken bilih para mudha wau sami pinejahan; awit janjining Allah tumrap kawontenaning gesang ing tembé, punika sagedipun kenyatan kanthi sampurna, ngemungaken ing sasampunipun pejah. *Sa'at* utawi *wayahé* punika asring mengku teges leburipun satunggaling umat utawi satunggaling bangsa wonten ing jagad punika, inggih punika titimangsaning risakipun, sarta kala-kadhing sirnanipun.

1490. Dhawuh punika anedahaken, kados pundi anggènipun para mudha wau nemahi pejah. Inggih punika sarana katutup cangkemipun guwa. Lah inggih punika tegesipun kaadegan gedhong ing nginggilipun punika. Utawi dhawuh punika ateges: dipun adegi tandha pangènget-ènget.

1491. *Masjid*, punika tartamtu papaning sembahyang titiyang Muslimin.

22 (Sawenèh) bakal padha calathu: (Dhèwèké iku) telu, kang kaping paté asuné; sarta (ana manèh sing) padha calathu: Lima, kang kaping nemé asuné; pangira marang barang kang ora kawruhan; lan (ana manèh liyané kang) padha calathu: Pitu, lan kang kaping woluné asuné. Calathua: Pangéranku luwih angudanèni ing cacahé; ora ana sing meruhi dhèwèké kajaba wong sathithik; mulané aja daredah ing dalem prakara dhèwèké, kajaba daredah *lair*, lan aja ana padha kotakoni siji-sijia prakara dhèwèké.[1492]

Ut. *kang cumetha*

سَيَقُوْلُوْنَ ثَلٰثَةٌ رَّابِعُهُمْ كَلْبُهُمْ وَ
يَقُوْلُوْنَ خَمْسَةٌ سَادِسُهُمْ كَلْبُهُمْ رَجْمًا
بِالْغَيْبِ ۚ وَيَقُوْلُوْنَ سَبْعَةٌ وَّ ثَامِنُهُمْ
كَلْبُهُمْ ۗ قُلْ رَّبِّيْٓ اَعْلَمُ بِعِدَّتِهِمْ مَّا
يَعْلَمُهُمْ اِلَّا قَلِيْلٌ ۗ فَلَا تُمَارِ فِيْهِمْ
اِلَّا مِرَآءً ظَاهِرًا ۖ وَّلَا تَسْتَفْتِ فِيْهِمْ
مِّنْهُمْ اَحَدًا ﴿٢٢﴾

RUKU' 4

Quran Suci minangka tuntunan

23, 24. Tuntunan ingkang langkung saé. 25-29. Rawuhing Quran punika rawuhing yakti. 30, 31. Pidana lan pradana.

23 Lan aja sira calathu tumrap sawijining prakara: Sayekti, iki arep daktindakaké sésuk,[1493]

وَلَا تَقُوْلَنَّ لِشَايْءٍ اِنِّيْ فَاعِلٌ ذٰلِكَ غَدًا ﴿٢٣﴾

24 Kajaba kaparenging karsané Allah; lan élinga Pangéranira samangsa kowé kalalèn, sarta calathua: Manawa-manawa Pangéranku karsa anuntun aku ing dadalan

اِلَّآ اَنْ يَّشَآءَ اللّٰهُ ۫ وَاذْكُرْ رَّبَّكَ اِذَا نَسِيْتَ
وَقُلْ عَسٰٓى اَنْ يَّهْدِيَنِ رَبِّيْ لِاَقْرَبَ

1492. Ayat punika lan ayat 25, punika rèhning dhumawah ing sasampunipun cunthel cacriyosan punika, anedahaken bilih sadaya wau namung panginten-intenipun tiyang ing babagan para mudha ingkang kasebut ing cariyos wau. Pinten cacah jiwanipun lan pinten taun dangunipun anggèning sami dudunung wonten ing guwa, punika sami déné prakawis ingkang kedahipun winastan namung kauningan déning Allah piyambak. Éwadéné I'Ab kagungan pamanggih, bilih dhawuh ingkang nglepataken panginten ingkang sapisan lan ingkang kaping kalih, punika anedahaken, bilih cacah ingkang kasebut ing wekasan piyambak – inggih punika pitu – punika ingkang leres.

1493. Pitedah ingkang kasebut ing dhawuh punika, mengku suraos umum, nanging inggih mengku piweca ingkang mligi, ingkang mecakaken badhé hijrahipun Kanjeng Nabi lan anggènipun badhé singidan ing guwa. Kalampahanipun saged hijrah, punika boten wonten ing panguwaosipun Kanjeng Nabi; awit saking punika boten mungguh yèn ta panjenenganipun angandika, bilih badhé anindakaken anu ing wanci anu. Kedahipun panjenenganipun namung sasumarah ingkang ambabar pisani dhateng Gusti Allah, awit inggih ngemungaken Gusti Allah Pribadi ingkang badhé ngrampungi sadaya samukawis, ingkang manut kaparenging karsa-Nipun mesthi badhé mahanani saé tumrap panjenenganipun.

kang luwih cedhak marang kang bener tinimbang iki.[1494]

مِنْ هٰذَا رَشَدًا ﴿٢٤﴾

25 Lan anggoné padha manggon ing guwa telungatus taun, lan (ana liyané sing) padha muwuhi sanga.[1495]

وَلَبِثُوْا فِيْ كَهْفِهِمْ ثَلٰثَ مِائَةٍ سِنِيْنَ وَازْدَادُوْا تِسْعًا ﴿٢٥﴾

26 Calathua: Allah iku luwih ngudanèni marang sapira lawasé pamanggoné; *wawadi*ning langit-langit lan bumi iku (kauningan) ing Panjenengané; banget pramana pamirsa-Né sarta banget pramana pamiyarsa-Né;[1496] saliyané Panjenengané ora ana kang dadi panjaga tumrap dhèwèké, sarta Panjenengané ora adamel sakutu siji-sijia ing dalem pancasan-É.

Ar. *ghaib*

قُلِ اللّٰهُ اَعْلَمُ بِمَا لَبِثُوْا ۚ لَهٗ غَيْبُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ اَبْصِرْ بِهٖ وَاَسْمِعْ ۗ مَا لَهُمْ مِّنْ دُوْنِهٖ مِنْ وَّلِيٍّ ۖ وَّلَا يُشْرِكُ فِيْ حُكْمِهٖٓ اَحَدًا ﴿٢٦﴾

1494. Tegesipun, rekaos kados déné ingkang kasandhang déning para mitraning guwa, punika mesthi boten badhé dipun alami déning Kanjeng Nabi. Panjenenganipun cekap namung tigang dinten anggènipun wonten ing guwa; sarta nadyan mengsah ingkang sakalangkung kiyat sampun ambudidaya ing sakatog-katogipun papan ingkang dipun anggé singidan Kanjeng Nabi meksa boten saged kasumerepan, mangka namung tigang mil tebihipun saking kitha, tur dhaharipun Kanjeng Nabi inggih mendhet saking kitha ngriku. Utawi saged ugi ateges, bilih Quran punika suka tuntunan ingkang langkung prayogi.

1495. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih ayat punika sambet kaliyan ayat 22. Déné ingkang katerangaken ing ngriki, punika salah satunggalipun panginten-inten warni-warni ing bab dangunipun anggèning sami dudunung ing guwa para mitraning guwa ing ngajeng. Ing dalem panyuraos, dhawuh ing ayat 22 ingkang mungel *lan padha calathu*, punika inggih pinanggih wonten ing ayat 25 ngriki. Dhawuh lajengipun, *calathua: Allah iku luwih ngudanéni marang sapira lawasé pamanggoné*, kalayan cetha nedahaken ingkang makaten punika. Sawenèh para mufassirin kina, kadosta Qatadah, inggih kados makaten punika pamanggihipun (Rz, JB). Waosanipun Abdullah ingkang mangka katrangan, ingkang mungel: *lan padha calathu: dhèwèké padha dudunung* .... punika inggih ngiyataken paham punika (Rz, Kf). Éwadéné manawi dhawuh punika boten kasuraos kados makaten wau, saged kasuraos mengku karsa: anerangaken anggènipun agami Nasrani ngantos tigang abad laminipun dados agami ingkang dipun kuya-kuya wonten ing laladan Kerajan Rum. Panguya-uya dhateng titiyang Nasrani, saweg kèndel sareng sang raja Constantiyn manjing Nasrani. Déné wontenipun mawi kasebutaken langkunganipun sangang taun punapa, punika mbokmanawi kémawon murih trepipun manawi manut pétangan taun candra. Prayogi dipun terangaken pisan, bilih pangandel agami Nasrani manut putusaning Parepatan (Konsili) ingkang dipun wontenaken ing Nicea, inggih punika ingkang mujudaken piwulang bab Triniji, punika wontenipun nalika taun 325 Masehi. Dados kénging winastan, agami Nasrani punika tetep kadunungan sawenèh kasucian miwah kamurnénipun ngantos tigang abad, ing sasampunipun punika, agami Tatslits utawi Triniji (mangéran ing Allah satunggal jèjèr tiga, utawi tiga-tiganing ngatunggal), sanès agami Tauhid (mangéran ing Allah Mahatunggal), ingkang dados agamining praja; dadosipun, para pambélaning Tauhid, saya dangu saya ical. Dados, manggèn wonten ing guwa ngantos tigangatus taun, punika saged ugi mengku suraos dangunipun anggèning agami Nasrani nandhang panguya-uya sarta anggènipun kanggènan sawenèh kamurnénipun ingkang asli sadèrèngipun jaman ngrasukipun Nasrani Maharaja Konstantin.

1496. Tuwan Palmer leres anggènipun mèngeti kalèntuning anggènipun anjarwani tuwan Sale saha

27 Lan macaa apa kang kawedharaké marang sira yaiku Kitabé Pangéranira; ora ana kang bisa angowahi marang sabda-Né;[1497] lan ora bakal sira éntuk pangungsèn saliyané Panjenengané.

وَاتْلُ مَآ اُوْحِيَ اِلَيْكَ مِنْ كِتَابِ رَبِّكَ ۚ
لَا مُبَدِّلَ لِكَلِمٰتِهٖ ۚ وَلَنْ تَجِدَ مِنْ
دُوْنِهٖ مُلْتَحَدًا ﴿٢٧﴾

28 Lan di sabar jiwanira anyartani para kang padha anyebut Pangérané ing wayah ésuk lan soré, angarep-arep karenan-É, sarta aja sira *anglewasaké* mripatira saka dhèwèké mamrih papaèsing kauripan donya, tuwin aja manut marang *wong* kang atiné Ingsun dadèkaké léna ing élingé marang Ingsun lan manut pépénginané kang asor, apa déné prakarané iku prakara kang mlangkah wates.

Ut. *angé-ngokaké*

Ar. *sapa*

وَاصْبِرْ نَفْسَكَ مَعَ الَّذِيْنَ يَدْعُوْنَ
رَبَّهُمْ بِالْغَدٰوةِ وَالْعَشِيِّ يُرِيْدُوْنَ
وَجْهَهٗ وَلَا تَعْدُ عَيْنٰكَ عَنْهُمْ ۚ تُرِيْدُ
زِيْنَةَ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۚ وَلَا تُطِعْ مَنْ
اَغْفَلْنَا قَلْبَهٗ عَنْ ذِكْرِنَا وَاتَّبَعَ هَوٰىهُ
وَكَانَ اَمْرُهٗ فُرُطًا ﴿٢٨﴾

29 Lan calathua: Barang yakti iku saka Pangéranira, mulané sing sapa arep angèstu iya angèstua, lan sapa sing arep angafiri iya angafirana; sayekti Ingsun anyadhiyakaké geni tumrap para wong atindak dudu, kang *pageré* anglimputi dhèwèké; lan yèn anjaluk banyu, padha diwènèhi banyu kaya jèrjèran tembaga, kang mlonyohaké rainé; ala ombèn-ombèn iku lan ala panggonan iku![1498]

Ut. *kukus*

وَقُلِ الْحَقُّ مِنْ رَّبِّكُمْ ۗ فَمَنْ شَآءَ
فَلْيُؤْمِنْ وَّمَنْ شَآءَ فَلْيَكْفُرْ ۙ اِنَّآ
اَعْتَدْنَا لِلظّٰلِمِيْنَ نَارًا ۙ اَحَاطَ بِهِمْ
سُرَادِقُهَا ۗ وَاِنْ يَّسْتَغِيْثُوْا يُغَاثُوْا بِمَآءٍ
كَالْمُهْلِ يَشْوِى الْوُجُوْهَ ۗ بِئْسَ الشَّرَابُ ۗ
وَسَآءَتْ مُرْتَفَقًا ﴿٢٩﴾

---

tuwan Rodwell dhateng tetembungan ابصربه واسمع margi boten mangertos raosipun basa Arab. Nanging anggènipun anjarwani tuwan Palmer piyambak: *Panjenengané saged mirsa lan amiyarsa*, punika inggih boten saged anyethakaken suraosipun tembung ingkang asli. Miturut sadaya para ahli paramasastra lan paramabasa, tembung wau ateges ما ابصر واسمع ingkang wantahipun: *wah pamirsané! wah pamiyarsané!* Dados anggèn kula anjarwani: *pranyata banget pramana pamirsa-Né sarta banget pramana pamiyarsa-Né*, manut raosing basa, punika ingkang leres.

1497. Klèntu manawi dhawuh punika dipun anggé waton, bilih pitedah ingkang kaparingaken dhateng manusa lumantar wahyu punika boten saged dipun ewahi, inggih punika manusa boten saged mewahi lan boten saged nyuda sanadyan namung satembung pisan. *Kalimat* ing ngriki, terang ateges *piweca-piweca*, awit ingkang karembag ing ngriki punika piweca badhé hijrahipun Kanjeng Nabi tuwin badhé menangipun kaliyan mengsah-mengsahipun. Kadhawuhaken, bilih piweca-piweca punika boten saged dipun ewahi déning manusa, sarta mesthi kalampahanipun, sanajan agenga di kados punapa mengsah ingkang amilawani.

1498. Awit piyambakipun namung badhé angsal wohing pandamelipun. Toyaning gesang ruhani

30 Sayekti, para kang padha angèstu sarta alaku becik, iku sayekti Ingsun ora musprakakaké pituwasé sapa kang becik lakuné.

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
إِنَّا لَا نُضِيعُ أَجْرَ مَنْ أَحْسَنَ عَمَلًا ﴿٣٠﴾

Ar. *ngisoré*

31 Iki kang padha olèh patamanan langgeng, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili; ana ing kono bakal padha dianggon-anggoni papaès gelang emas, sarta bakal padha nganggo sandhangan sutra alus ijo, sarta sutra kandel kang sinulam ing benang emas, ing kono padha aléléyangan ana ing kanthil;[1499] linuhung wawales iku, lan éndah panggonan iku!

أُولَٰئِكَ لَهُمْ جَنَّاتُ عَدْنٍ تَجْرِي مِنْ
تَحْتِهِمُ الْأَنْهَارُ يُحَلَّوْنَ فِيهَا مِنْ أَسَاوِرَ
مِنْ ذَهَبٍ وَيَلْبَسُونَ ثِيَابًا خُضْرًا
مِنْ سُنْدُسٍ وَإِسْتَبْرَقٍ مُتَّكِئِينَ
فِيهَا عَلَى الْأَرَائِكِ ۚ نِعْمَ الثَّوَابُ ۚ
وَحَسُنَتْ مُرْتَفَقًا ﴿٣١﴾

RUKU' 5

Sanépa

32 Lan dhèwèké padha gelarana sanépa wong lanang loro; iku sing siji Ingsun-gawèkaké pakebonan anggur loro, lan karo pisan Ingsun-kubengi wit kurma, sarta ing saantarané Ingsun yasani pagagan.[1500]

وَاضْرِبْ لَهُمْ مَثَلًا رَجُلَيْنِ جَعَلْنَا
لِأَحَدِهِمَا جَنَّتَيْنِ مِنْ أَعْنَابٍ وَحَفَفْنَاهُمَا
بِنَخْلٍ وَجَعَلْنَا بَيْنَهُمَا زَرْعًا ﴿٣٢﴾

ing gesang sapunika piyambakipun boten sami gadhah, milanipun bénjing ing gesang sasampuning pejah, piyambakipun inggih boten badhé angsal toya.

1499. Wonten ing gesang sapunika punika, manusa sakalangkung kumacèlu dhateng barang-barang punika; nanging papaès lan panganggé ing gesang sapunika punika boten langgeng. Titiyang tulus, ingkang wontenipun ing gesang sapunika namung kepéngin lan mamrih angsal papaès ruhani tuwin kaéndahaning budipakerti, wonten ing gesang ing tembé badhé angsal punika sadaya kalayan cumetha awewèntèhan. Nanging inggih dipun èngetana bilih piweca punika sadaya, ing gesang sapunika ugi, dipun tuhoni wahananipun. Bangsa Arab ingkang bandhanipun namung awujud unta tuwin kapal ingah-ingahanipun, ingkang panganggènipun namung awujud panganggé ingkang kadamel saking wacucal utawi saking tenunan ingkang kasar, kelampahan manggih rajabrana Rum lan Persi ngalempak wonten ing sangajengipun; gelang mas saha sutra kandel ingkang kasulam ing benang mas, ingkang dèrèng naté dipun sumerepi, sapunikanipun kaparingaken dhateng piyambakipun kalayan mluwah-mluwah; malihipun, taman ing tanah Mésopotamia tuwin Persi, kaparingaken dhateng piyambakipun minangka warisan ing salami-laminipun.

1500. Sanépa (kalayan cetha sinebut sanépa, babar pisan boten sinebut cariyos) ingkang kagelaraken ing ngriki, punika sampun boten wonten semang-semangipun malih sanépa ingkang kanggé anggambaraken kawontenanipun titiyang ingkang gadhah bandha kathah tuwin titiyang Muslimin. Ingkang angka satunggal, pinaringan bandha ing gesang punika kalayan kathah, kados déné ingkang kasanépakaken kaliyan pakebonan wonten ing dalem sanépa punika; ingkang angka kalih, nadyan ingatasipun bandha donya langkung mlarat, nanging ingatasipun nugraha saking langit paparinging Allah langkung sugih. Ingkang angka satunggal angemohi wasitanipun yakti, ingkang angka kalih ingkang ngampil yakti. Ingkang angka satunggal wau anggènipun pamèr inggih sami

33 Pakebonan loro iki tansah ngetokaké asil wowohan, sarta tanpa ana sudané sathithik-thithika; apa déné ing tengah-tengahé Ingsun ilèni kali.

كِلْتَا الْجَنَّتَيْنِ آتَتْ أُكُلَهَا وَلَمْ تَظْلِمْ
مِنْهُ شَيْئًا ۚ وَفَجَّرْنَا خِلَالَهُمَا نَهَرًا ﴿٣٣﴾

34 Sarta dhèwèké sugih bandha; tumuli calathu marang rowangé kalawan apapadon: Aku luwih sugih bandha tinimbang kowé lan luwih kuwat pandhèrèk(-ku).

وَكَانَ لَهُ ثَمَرٌ فَقَالَ لِصَاحِبِهِ وَهُوَ
يُحَاوِرُهُ أَنَا أَكْثَرُ مِنْكَ مَالًا وَأَعَزُّ نَفَرًا ﴿٣٤﴾

35 Lan dhèwèké malebu ing pakebonané kalawan atindak dudu marang awaké dhéwé. Calathuné: Aku ngira, yèn iki salawasé ora bakal sirna,

وَدَخَلَ جَنَّتَهُ وَهُوَ ظَالِمٌ لِنَفْسِهِ قَالَ
مَا أَظُنُّ أَنْ تَبِيدَ هَٰذِهِ أَبَدًا ﴿٣٥﴾

Ut. *wayahé*

36 Lan pangiraku *sa'até* iku ora bakal ana, lan lamun ta aku iki dibalèkna marang Pangéranku, amasthi iya aku bakal éntuk enggon pabalèn kang luwih becik tinimbang iki.[1501]

وَمَا أَظُنُّ السَّاعَةَ قَائِمَةً وَلَئِنْ رُدِدْتُ
إِلَىٰ رَبِّي لَأَجِدَنَّ خَيْرًا مِنْهَا مُنْقَلَبًا ﴿٣٦﴾

a. 863

b. 1356

37 Rowangé acalathu marang dhèwèké kalawan apapadon: Apa kowé angafiri marang Kang anitahaké kowé saka lebu,[a] tumuli saka ing wijining urip kang lembut,[b] tumuli anyampurnakaké kowé dadi wong lanang.

قَالَ لَهُ صَاحِبُهُ وَهُوَ يُحَاوِرُهُ أَكَفَرْتَ
بِالَّذِي خَلَقَكَ مِنْ تُرَابٍ ثُمَّ مِنْ نُطْفَةٍ
ثُمَّ سَوَّاكَ رَجُلًا ﴿٣٧﴾

38 Ananging tumrapé aku, Panjenengané, Allah, iku Pangéranku, sarta aku ora nyakutokaké sawiji-wiji karo Pangéranku.

لَٰكِنَّا هُوَ اللَّهُ رَبِّي وَلَا أُشْرِكُ بِرَبِّي أَحَدًا ﴿٣٨﴾

39 Lan yagéné nalika kowé malebu ing pakebonanmu kowé ora ngucap: Sabarang iku wis

وَلَوْلَا إِذْ دَخَلْتَ جَنَّتَكَ قُلْتَ مَا شَاءَ

kémawon kaliyan pamèripun tiyang sugih ing dalem sanépa wau, inggih punika: *Aku luwih sugih bandha tinimbang kowé lan luwih kuwat pandhèrèk-(ku).*

1501. Kiyamat utawi "wayah" ing ngriki ateges masakalaning dhumawahing siksa ingkang mesthi andhawahi sadhéngah umat ingkang angemohi yakti.

karsaning Allah, ora ana kakuwatan kajaba *ing* Allah? Manawa panyawangmu ing aku, aku iki *kalah sugih* tinimbang kowé ing bab prakara bandha lan anak:

ٱللَّهُ لَا قُوَّةَ إِلَّا بِٱللَّهِ ۚ إِن تَرَنِ أَنَا۠ أَقَلَّ مِنكَ مَالًا وَوَلَدًا ﴿٣٩﴾

Ut. *kalawan pitulunging Allah*
Ut. *luwih sathithik*

40 Lah manawa-manawa Pangéranku bakal amaringi aku kang luwih becik tinimbang pakebonanmu, sarta *angirimaké* mrono *pépétungan* saka ing langit, satemah dadi lemah angenthak-enthak tanpa tutuwuhan:

فَعَسَىٰ رَبِّىٓ أَن يُؤْتِيَنِ خَيْرًا مِّن جَنَّتِكَ وَيُرْسِلَ عَلَيْهَا حُسْبَانًا مِّنَ ٱلسَّمَآءِ فَتُصْبِحَ صَعِيدًا زَلَقًا ﴿٤٠﴾

Ut. *angutus baledheg*

41 Utawa banyuné bakal asat anggeréng, satemah kowé ora bisa angudi (angarah baliné banyu) iku.

أَوْ يُصْبِحَ مَآؤُهَا غَوْرًا فَلَن تَسْتَطِيعَ لَهُۥ طَلَبًا ﴿٤١﴾

42 Sarta bandhané disirnakaké; satemah *anggetuni*[1502] marang anggoné wus angetokaké waragad *mrono*, sarta iku dadi suwung, padha rubuh anjang-anjangé, sarta calathu: O, awak! Anua aku rak ora nyakutokaké sapa-sapaa karo Pangéranku.

وَأُحِيطَ بِثَمَرِهِۦ فَأَصْبَحَ يُقَلِّبُ كَفَّيْهِ عَلَىٰ مَآ أَنفَقَ فِيهَا وَهِىَ خَاوِيَةٌ عَلَىٰ عُرُوشِهَا وَيَقُولُ يَٰلَيْتَنِى لَمْ أُشْرِكْ بِرَبِّىٓ أَحَدًا ﴿٤٢﴾

Ar. *amolak-malik tanga-né*
Ar. *ing kono*

43 Lan dhèwèké ora duwé golongan kang mitulungi awaké saliyané Allah, sarta ora bisa mitulungi awaké dhéwé.

وَلَمْ تَكُن لَّهُۥ فِئَةٌ يَنصُرُونَهُۥ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَمَا كَانَ مُنتَصِرًا ﴿٤٣﴾

44 Ing kono, pangayoman iku mung kagungané Allah, Ingkang Mahayakti; Panjenengané iku becik-beciké kang aparing ganjaran sarta becik-beciké kang aparing wawales.

هُنَالِكَ ٱلْوَلَٰيَةُ لِلَّهِ ٱلْحَقِّ ۚ هُوَ خَيْرٌ ثَوَابًا وَخَيْرٌ عُقْبًا ﴿٤٤﴾

1502. Tembungipun ingkang asli يقلب كفيه ingkang wantahipun ateges: *angolak-alik èpèk-èpèké* (Kf). Nanging rèhning تقليب الكفين punika solahipun tiyang ingkang kaduwung utawi susah, mila kanggènipun tetembungan wau kanthi mengku suraos *kaduwung* utawi *susah*. Tembung "anggetuni" punika langkung celak kaliyan suraosipun ukara wau.

RUKU' 6

Ingkang sami kalepatan dipun pancasi pangadilan

45, 46. Papaésing gesang ing donya punika boten langgeng. 47-49. Ingkang pinanggih déning para ingkang sami atindak lepat punika inggih punapa pandamelipun.

45 Lan awèha sanépa marang dhèwèké (sanépané) kauripan donya: (Iku) kaya banyu kang Ingsun turunaké saka mendhung, banyu anjalari angrembakané tutuwuhaning bumi; tumuli dadi garing, remuk, binuncang mawut déning angin; lan Allah iku Ingkang-kagungan-kawasa marang samubarang.

وَاضْرِبْ لَهُمْ مَّثَلَ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا كَمَآءٍ
اَنْزَلْنٰهُ مِنَ السَّمَآءِ فَاخْتَلَطَ بِهٖ نَبَاتُ
الْاَرْضِ فَاَصْبَحَ هَشِيْمًا تَذْرُوْهُ الرِّيٰحُ ؕ
وَكَانَ اللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَىْءٍ مُّقْتَدِرًا ﴿٤٥﴾

46 Bandha lan anak iku papaèsing kauripan donya; lan kang langgeng, panggawé becik, iku luwih becik mungguhing Pangéranira tumraping ganjaran sarta luwih becik tumraping pangarep-arep.

اَلْمَالُ وَالْبَنُوْنَ زِيْنَةُ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۚ
وَالْبٰقِيٰتُ الصّٰلِحٰتُ خَيْرٌ عِنْدَ رَبِّكَ
ثَوَابًا وَّخَيْرٌ اَمَلًا ﴿٤٦﴾

Ut. *tanpa tutup, ngliga*

47 Lan ing dinané Ingsun bakal anggeblasaké gunung-gunung sarta sira bakal weruh bumi dadi *angenthak-enthak* tuwin Ingsun angimpun dhèwèké, lan ora ana kang Ingsun tinggal siji-sijia.[1503]

وَيَوْمَ نُسَيِّرُ الْجِبَالَ وَتَرَى الْاَرْضَ
بَارِزَةً ۙ وَّحَشَرْنٰهُمْ فَلَمْ نُغَادِرْ
مِنْهُمْ اَحَدًا ﴿٤٧﴾

48 Lan bakal padha disowanaké marang ngarsaning Pangéranira alalarikan: Temen sira padha tumeka marang ngarsa-Ningsun kaya (nalika) Ingsun anitahaké sira sakawit; ananging mauné sira padha nyana, yèn Ingsun ora wis anartamtokaké patembayan tumrap marang sira.

وَعُرِضُوْا عَلٰى رَبِّكَ صَفًّا ؕ لَقَدْ جِئْتُمُوْنَا
كَمَا خَلَقْنٰكُمْ اَوَّلَ مَرَّةٍ ۢ بَلْ زَعَمْتُمْ
اَلَّنْ نَّجْعَلَ لَكُمْ مَّوْعِدًا ﴿٤٨﴾

1503. Bumi kadamel angenthak-enthak, punika mengku teges: sawarnining papalang ageng ingkang angalang-alangi ing Kanjeng Nabi badhé sumingkir, sarta inggih punika redi-redi ingkang badhé dipun singkiraken punika. Mirsanana 1604.

49 Lan kitab bakal dicepakaké tumuli sira bakal weruh para wong dosa kang padha wedi marang apa kang ana ing jeroné sarta bakal padha calathu: O, cilaka temen awakku! Kitab apa iki! ora ana sing kaliwatan, iya sing cilik iya sing gedhé, nanging padha kepétung (kabèh); lan sabarang panggawéné padha tinemu ana (ing kono); sarta Pangéranira ora anganiaya marang sapa-sapaa.[1504]

وَوُضِعَ الْكِتٰبُ فَتَرَى الْمُجْرِمِيْنَ
مُشْفِقِيْنَ مِمَّا فِيْهِ وَيَقُوْلُوْنَ يٰوَيْلَتَنَا
مَالِ هٰذَا الْكِتٰبِ لَا يُغَادِرُ صَغِيْرَةً وَّلَا
كَبِيْرَةً اِلَّآ اَحْصٰىهَا ۚ وَوَجَدُوْا مَا عَمِلُوْا
حَاضِرًا ۗ وَلَا يَظْلِمُ رَبُّكَ اَحَدًا ﴿٤٩﴾

RUKU' 7

Sami tanpa daya

50 Lan nalika Ingsun ngandika marang para malaikat: Padha
a. 56 sujuda marang Adam,[a] tumuli
b. 57, 58 padha sujud, ananging iblis ora;[b] iku golonganing jin mulané nerak paréntahing Pangérané. Lah apa ta sira arep angalap dhèwèké sarta turun-turuné dadi mitra saliyané Ingsun; apa déné dhèwèké iku mungsuh tumrapé sira; ala tumrap para atindak dudu liliron (iki).[1505]

وَاِذْ قُلْنَا لِلْمَلٰٓئِكَةِ اسْجُدُوْا لِاٰدَمَ فَسَجَدُوْٓا
اِلَّآ اِبْلِيْسَ ۗ كَانَ مِنَ الْجِنِّ فَفَسَقَ عَنْ
اَمْرِ رَبِّهٖ ۗ اَفَتَتَّخِذُوْنَهٗ وَذُرِّيَّتَهٗٓ اَوْلِيَآءَ
مِنْ دُوْنِيْ وَهُمْ لَكُمْ عَدُوٌّ ۗ بِئْسَ
لِلظّٰلِمِيْنَ بَدَلًا ﴿٥٠﴾

51 Ingsun ora andadèkaké saksi dhèwèké tumitahing langit-langit
Ar. *lan ora* lan bumi, *mangkono uga* tumitahing jiwané dhéwé, lan Ingsun ora angalap para juru panasaran minangka réwang.

مَآ اَشْهَدْتُّهُمْ خَلْقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ
وَلَا خَلْقَ اَنْفُسِهِمْ ۖ وَمَا كُنْتُ مُتَّخِذَ
الْمُضِلِّيْنَ عَضُدًا ﴿٥١﴾

1504. Kitab ingkang anglimputi punika sami kaliyan kitab ingkang kapangandikakaken ing 17: 13, 14, makaten: "Lan Ingsun angalungaké panggawéné siji-sijining manusa ana ing guluné lan ing dina kiyamat Ingsun wetokaké marang dhèwèké (awujud) kitab, kang ginelar ngeblak. – Wacanen kitabira, ing dina iki wis cukup jiwanira minangka juru-pétung ingatasé sira." Boten wonten pandamel sakedhik-kedhika, saé utawi awon, ingkang boten atilar tabet.

1505. Ing ngriki kalayan terang kadhawuhaken, bilih Iblis punika èwoning jinn utawi roh awon, milanipun lepat sanget manawi Iblis kaanggep malaikat utawi roh saé. Roh awon punika tansah andaga, sarta inggih punika ingkang dipun pèngetaken dhateng manusa sampun ngantos dipun celaki, supados piyambakipun saged anduwa sawarnining tumiyung dhateng awon.

52 Lan ing dinané Panjenengané bakal ngandika: Padha anguwuha kang padha sira anggep sakutu-Ningsun. Banjur padha diuwuh, ananging padha ora ana mangsuli marang dhèwèké, lan Ingsun anda-dèkaké *pipisahan ing antarané dhèwèké.*[1506]

Ar. *kumpulé iku dadi karusakan*

وَيَوْمَ يَقُولُ نَادُوا شُرَكَاءِيَ الَّذِينَ
زَعَمْتُمْ فَدَعَوْهُمْ فَلَمْ يَسْتَجِيبُوا لَهُمْ
وَجَعَلْنَا بَيْنَهُمْ مَوْبِقًا ﴿٥٢﴾

53 Lan para dosa padha andeleng geni, banjur padha nglenggana manawa bakal padha nyemplung mrono, lan ora bakal padha olèh panggonan kanggo oncat saka ing kono.

وَرَأَى الْمُجْرِمُونَ النَّارَ فَظَنُّوا أَنَّهُمْ
مُوَاقِعُوهَا وَلَمْ يَجِدُوا عَنْهَا مَصْرِفًا ﴿٥٣﴾

RUKU' 8

Pèpènget dipun lirwakaken

54-57. Pèpènget dipun lirwakaken. 58. Allah Ingkang-Aparamarta anyumenèkaken pidana. 59. Leburipun sampun tinamtu mangsanipun.

54 Lan sayekti temen Ingsun wus *angambal-ambali* ing sajroning Quran iki tumrap para manusa sarupaning *bukti*; lan manusa iku pancèn banget-bangeté sakèhé ahli madoni.

Ut. *anyethakaké*

Ut. *sanépa*

وَلَقَدْ صَرَّفْنَا فِي هَٰذَا الْقُرْآنِ لِلنَّاسِ
مِنْ كُلِّ مَثَلٍ ۚ وَكَانَ الْإِنْسَانُ أَكْثَرَ
شَيْءٍ جَدَلًا ﴿٥٤﴾

55 Lan ora ana kang angalang-alangi manusa arep padha angèstu, samangsa pituduh anekani dhèwèké, apa déné arep nyuwun pangapura Pangérané, kajaba déné *apa kang wus kalakon tumrap* para wong biyèn-biyèn bakal anibani dhèwèké, utawa déné siksa *bakal anibani dhèwèké sapangarepan.*

Ar. *lalakoné*

Ut. *mawarna-warna bakal anibani dhèwèké*

وَمَا مَنَعَ النَّاسَ أَنْ يُؤْمِنُوا إِذْ جَاءَهُمُ
الْهُدَىٰ وَيَسْتَغْفِرُوا رَبَّهُمْ إِلَّا أَنْ
تَأْتِيَهُمْ سُنَّةُ الْأَوَّلِينَ أَوْ يَأْتِيَهُمُ
الْعَذَابُ قُبُلًا ﴿٥٥﴾

1506. Tembung *bain* punika gadhah teges warni tiga, inggih punika *pisah*, *kempal*, saha *antawis* (LL). Déné tembung *maubiq*, tegesipun *karisakan* utawi *pipisahan*, utawi *sasatron bubuyutan* (TA). Ingkang kula pilih teges kados ingkang dipun anggé déning Farra saha Sairafi, déné teges satunggalipun kula serat wonten ing margin. Manawi mawi teges ingkang kasebut rumiyin wau, mengku suraos bilih kempalipun para panuntuning awon kaliyan para ingkang sami nindakaken pandamel awon, punika badhé dados sababing karisakanipun.

56 Lan ora liya Ingsun angutus para utusan iku kajaba minangka juru-awèh warta becik sarta juru-pépéling, lan para kang padha angafiri padha amadoni kalawan barang dudu, pamrihé dienggo angrubuhaké barang yakti, sarta padha anganggep guguyon marang timbalan-timbalan-Ingsun tuwin apa kang dipélingaké marang dhèwèké.

وَمَا نُرْسِلُ الْمُرْسَلِينَ إِلَّا مُبَشِّرِينَ وَمُنْذِرِينَ ۚ وَيُجَادِلُ الَّذِينَ كَفَرُوا بِالْبَاطِلِ لِيُدْحِضُوا بِهِ الْحَقَّ ۖ وَاتَّخَذُوا آيَاتِي وَمَا أُنْذِرُوا هُزُوًا ﴿٥٦﴾

57 Lan sapa kang luwih atindak dudu tinimbang wong kang diélingaké marang timbalaning Pangérané banjur maléngos saka ing kono sarta lali apa panggawéné tangan loroné kang dhingin-dhingin? Sayekti Ingsun andokok aling-aling ing atiné, supaya iku dhèwèké ora bakal mangerti, sarta tindhih ing kupingé; lan manawa dhèwèké padha sira ajak marang pituduh, lah ora pisan bakal manut dadalan bener salawasé.[1507]

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنْ ذُكِّرَ بِآيَاتِ رَبِّهِ فَأَعْرَضَ عَنْهَا وَنَسِيَ مَا قَدَّمَتْ يَدَاهُ ۚ إِنَّا جَعَلْنَا عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ أَكِنَّةً أَنْ يَفْقَهُوهُ وَفِي آذَانِهِمْ وَقْرًا ۖ وَإِنْ تَدْعُهُمْ إِلَى الْهُدَىٰ فَلَنْ يَهْتَدُوا إِذًا أَبَدًا ﴿٥٧﴾

58 Lan Pangéranira iku Aparamarta, Gustining Wilasa; manawa Panjenenganè amidanaa dhèwèké karana barang panggawéné, amasthi Panjenenganè angénggalaké siksa tumrap marang dhèwèké; ananging tumrap dhèwèké wus ana waktu kang tinamtu, ora bakal dhèwèké padha olèh pangungsèn.[1508]

وَرَبُّكَ الْغَفُورُ ذُو الرَّحْمَةِ ۖ لَوْ يُؤَاخِذُهُمْ بِمَا كَسَبُوا لَعَجَّلَ لَهُمُ الْعَذَابَ ۚ بَلْ لَهُمْ مَوْعِدٌ لَنْ يَجِدُوا مِنْ دُونِهِ مَوْئِلًا ﴿٥٨﴾

1507. Manah dipun tutupi punika manawi kados pundi, katerangaken malih ing ayat punika kalayan cetha. Inggih punika: samangsa tiyang punika kesangeten awonipun, ngantos malèngos saking yakti, sarta samangsa kesangeten anggènipun wangkot, ngantos boten anggapé pandamel awon ingkang katindakaken. Piyambakipun adamel wangkot manahipun piyambak sarta boten purun mirengaken; awit saking punika mila manahipun lajeng ketutupan tuwin talinganipun kesumpelan.

1508. Wekdal ingkang tinamtu, punika ingkang dipun karsakaken perang Badar, inggih punika nalika titiyang Quraisy remuk kakiyatanipun (Kf). Utawi, saged ugi ingkang dipun karsakaken punika anggènipun milawani ing tembé wingkingipun.

59 Lan iku kutha-kutha, iku wus padha Ingsun lebur, bareng padha atindak dudu, lan Ingsun wus anamtokaké waktu tumrap bakal leburé.[1509]

وَتِلْكَ الْقُرَىٰٓ أَهْلَكْنٰهُمْ لَمَّا ظَلَمُوْا وَجَعَلْنَا لِمَهْلِكِهِمْ مَّوْعِدًا ﴿٥٩﴾

RUKU' 9

Lalananipun Nabi Musa ngupados kawruh

60 Lan nalika Musa acalathu:[1510] Aku ora arep lèrèn-lèrèn nganti tumekaku marang tempukaning kali[1511] loro, utawa aku arep terus nganti tataunan.[1512]

وَإِذْ قَالَ مُوْسٰى لِفَتٰىهُ لَآ أَبْرَحُ حَتّٰىٓ أَبْلُغَ مَجْمَعَ الْبَحْرَيْنِ أَوْ أَمْضِيَ حُقُبًا ﴿٦٠﴾

1509. *Dlamir* ingkang kawengku wonten ing tembung *leburé*, punika wangsul dhateng para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci.

1510. Sawenèh hadits nyebutaken namanipun, inggih punika Yusa' bin Nun, inggih punika tiyang ing pawingkingipun katingal onjo wonten ing babadipun bangsa Bani Israil. Nanging Quran boten nyebutaken sinten namanipun.

Lalampahan ingkang dipun andharaken wonten ing ruku' ingkang kaping sanga saha kaping sadasa, punika saged ugi lalampahan ingkang dipun alami saèstu déning Kanjeng Nabi Musa, utawi saged ugi lalampahan punika lalampahan mi'raj-ipun Kanjeng Nabi Musa, kados déné mi'raj-ipun Kanjeng Nabi Muhammad ingkang kasebutaken wonten ing surat ingkang sampun. Lalampahan ingkang kacariyosaken ing ruku' candhakipun, ngatawisi manawi paham ingkang angka kalih wau (inggih punika ingkang mastani, bilih punika lalampahan mi'raj-ipun Kanjeng Nabi Musa) ingkang langkung memper. Suprandéné dipun pahama pisan manawi punika lalampahan ing sawantahipun, inggih punika lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa nalika ngupados ngélmu, inggih boten nama mokal. Kula aturi mirsani tafsiripun.

1511. Tembung مَجْمَعَ الْبَحْرَيْنِ punika limrahipun dipun suraos klèntu. Kedah dipun èngeti, bilih Kanjeng Nabi Musa punika ngantos kawandasa taun sugeng wonten ing tanah Mesir; déné tempuking lèpèn kakalih, punika boten sanès kajawi tempuking pecahanipun benawi Nil kakalih ingkang ageng wonten ing Khartoum, inggih punika ingkang dipun namakaken *Bahru-l-Abyadl* (*Nil Pethak*), lan satunggalipun dipun namakaken *Bahru-l-Aswad* (*Nil Biru*). Manawi cariyos anggènipun lalana Kanjeng Nabi Musa punika boten pinanggih wonten ing Bébel utawi ing kitab-kitab Yahudi, punika boten kok lajeng nandhakaken, bilih cariyos punika boten nyata. Kitab-kitab Yahudi (*Rabbinical literature*) nyariyosaken prakawis warni-warni ing bab Kanjeng Nabi Musa; lah punika sadaya suka wawaton dhateng kula sami ngandel bilih kathah emperipun Kanjeng Nabi Musa lalana kados makaten punika. Tanah Mesir Kidul punika kerajan Habasyah (Ethiopia), watesipun ingkang sisih kidul ngantos dumugi Khartoum, utawi tempuking benawi Nil kakalih. Cariyos warni-warni ingkang kasebut ing kitab-kitab Yahudi (*Rabbinical literature*) lan serat-serat Yunan (*Hellenistic literature*) sarujuk sami anyariyosaken, bilih Kanjeng Nabi Musa naté tindak dhateng nagari Habasyah (mirsanana *Yewish Encyclopaedia*). Malah miturut salah satunggalipun cacriyosan punika, panjenenganipun jumeneng dados ratu Habasyah, margi saking kasudiranipun saged ngawonaken mengsah, sarta krama angsal randhanipun sang nata. Bab punika radi dipun kiyataken déning cariyos ingkang kasebut ing Bébel, bilih "Miryam lan Arun padha anglawan paben marang Musa bab prakara wong wadon bangsa Kusy, kang wus dipundhut garwa" (Wicalan 12: 1). Dados lalana karana ngudi kawruh dhateng Khartoum, ingkang celak kémawon kaliyan watesipun nagari Habasyah sisih kidul, punika memper sanget. Nanging inggih wonten sawenèh Mufassirin, ingkang boten kanthi walaka anggènipun nyuraos tembung *majma'ul-Bahrain* wau, sarta nyuraos tembung wau ateges *manunggilipun tiyang kalih*, ingkang kasanépakaken kaliyan samudraning kawruh kamanusan lan

Ar. *anga-lap dalané*

61 Bareng sakaroné wus padha tumeka tempukaning (kali) loro padha kelalèn iwaké, iki banjur *mancolot* ing kali, anggeblas.[1513]

فَلَمَّا بَلَغَا مَجْمَعَ بَيْنِهِمَا نَسِيَا حُوتَهُمَا
فَاتَّخَذَ سَبِيلَهُ فِي الْبَحْرِ سَرَبًا ﴿٦١﴾

62 Bareng sakaroné wis terus lakuné, dhèwèké calathu marang réwangé: Wetokna sarapané (wong loro: aku lan kowé); sayekti aku padha krasa sayah saka anggonku padha lalana iki.

فَلَمَّا جَاوَزَا قَالَ لِفَتٰىهُ اٰتِنَا غَدَآءَنَا ز
لَقَدْ لَقِيْنَا مِنْ سَفَرِنَا هٰذَا نَصَبًا ﴿٦٢﴾

63 Calathuné: Punapa sampéyan sumerep nalika kula sami angupados pangungsèn dhateng séla parang, lajeng ulamipun saèstu kula kasupèn, lan boten sanès ingkang nyupèkaken kula sanjang prakawis punika kajawi sétan, sarta *mancolot* ing lèpèn; anggumunaken![1514]

Ar. *anga-lap dalané*

قَالَ اَرَءَيْتَ اِذْ اَوَيْنَآ اِلَى الصَّخْرَةِ
فَاِنِّيْ نَسِيْتُ الْحُوْتَ ز وَمَآ اَنْسٰنِيْهُ
اِلَّا الشَّيْطٰنُ اَنْ اَذْكُرَهٗ ۚ وَاتَّخَذَ سَبِيْلَهٗ
فِي الْبَحْرِ ۖ عَجَبًا ﴿٦٣﴾

64 Calathuné: Ya iki barang kang padha dakgolèki; banjur padha bali nurut tapak tilasé manèh.

قَالَ ذٰلِكَ مَا كُنَّا نَبْغِ ۖ فَارْتَدَّا عَلٰٓى
اٰثَارِهِمَا قَصَصًا ﴿٦٤﴾

65 Tumuli sakaroné katemu sawenèhing abdi-Ingsun kang Ingsun paringi wilasa saka ngarsa-Ningsun sarta kang Ingsun wulang kawruh saka ngarsa-Ningsun.

فَوَجَدَا عَبْدًا مِّنْ عِبَادِنَآ اٰتَيْنٰهُ رَحْمَةً
مِّنْ عِنْدِنَا وَعَلَّمْنٰهُ مِنْ لَّدُنَّا عِلْمًا ﴿٦٥﴾

kawruh Kapangéranan. Nanging saking pamanggih kula, manawi lalampahan punika kita anggep mi'raj, punika mengku teges, bilih syari'at Musa punika winates. Kanjeng Nabi Musa lalana ngantos pinten-pinten taun, ngantos dumugi *Majma'u-l-Bahrain*, lajeng ateges bilih syari'at Musa punika ing sasampunipun sawatawis wekdal, lajeng badhé dumugi masakalanipun pundhat wawangenipun. Déné gentosipun: Syari'at énggal, ingkang kaampil déning satunggaling nabi, ingkang wonten ing dhawuh ngriki kawarna *Majma'u-l-Bahrain*, inggih punika manunggilipun samudra kakalih, samudraning ngélmu kamanusan lan Kapangéranan, utawi tiyang ingkang kawasa ambabar kadonyan lan karuhaniyahan ingkang kalayan sampurna, inggih punika Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw.

1512. *Huqub* punika ateges *wekdal ingkang dangu* (Bd), utawi *setaun* utawi *pitungdasa taun* utawi *wolungdasa taun*.

1513. Miturut hadits, icalipun ulam wau minangka tandha, bilih sampun dumungi papan ingkang dipun tuju (Bkh). Nanging ing Quran Suci saha ing dalem hadits boten wonten ingkang nerangaken bilih ulam wau ulam ingkang sampun dipun ratengi.

1514. Ngupados pangungsèn dhateng redi séla, punika anedahaken, bilih Kanjeng Nabi Musa lan réncangipun wau lerem wonten ing panggènan ingkang kebanjiran ing toyaning lepen; lah sareng ngupados pangungsèn, réncangipun Kanjeng Nabi Musa kasupèn ulamipun boten kabekta. Déné gumunipun wau boten teka anggumuni déné ulamipun mencolot dhateng lepen, nanging margi piyambakipun kasupèn boten matur dhateng Kanjeng Nabi Musa bab icalipun ulam wau.

66 Musa calathu marang dhèwèké: Punapa kapareng kula andhèrèk sampéyan, kalayan panyuwun kaparenga sampéyan mulang kula kawruh leres ingkang kawulangaken dhateng sampéyan?

قَالَ لَهُۥ مُوسَىٰ هَلْ أَتَّبِعُكَ عَلَىٰٓ أَن تُعَلِّمَنِ مِمَّا عُلِّمْتَ رُشْدًا ﴿٦٦﴾

67 Calathuné: Saèstu, sampéyan boten kuwawi sabar asarengan kaliyan kula:

قَالَ إِنَّكَ لَن تَسْتَطِيعَ مَعِىَ صَبْرًا ﴿٦٧﴾

68 Lan kados pundi saged sampéyan sabar dhateng barang ingkang sampéyan boten kasinungan kawruhipun ingkang anglimputi?

وَكَيْفَ تَصْبِرُ عَلَىٰ مَا لَمْ تُحِطْ بِهِۦ خُبْرًا ﴿٦٨﴾

Ar. *manggih kula sabar*

69 Calathuné: Manawi Allah amaringaken, sampéyan badhé *sumerep sabar kula* saha sabarang rèh kula boten badhé lenggana ing sampéyan.

قَالَ سَتَجِدُنِىٓ إِن شَآءَ ٱللَّهُ صَابِرًا وَلَآ أَعْصِى لَكَ أَمْرًا ﴿٦٩﴾

70 Calathuné: Manawi sampéyan tutwingking kula, lah sampéyan sampun nakèni kula prakawis punapa-punapa, ngantos sawicanten kula piyambak dhateng sampéyan prakawis punika.

قَالَ فَإِنِ ٱتَّبَعْتَنِى فَلَا تَسْـَٔلْنِى عَن شَىْءٍ حَتَّىٰٓ أُحْدِثَ لَكَ مِنْهُ ذِكْرًا ﴿٧٠﴾

RUKU’ 10

Lalananipun Nabi Musa ngupados kawruh

71 Tumuli sakaroné mangkat lalana, nganti, nalikané wis padha nunggang ing prau, dhèwèké ambolongi (prau) iku. Calathuné (Musa): Punapa anggèn sampéyan ambolongi punika murih para titiyangipun sami kelem? Saèstu sampéyan punika anindakaken prakawis ingkang ageng.

فَٱنطَلَقَا حَتَّىٰٓ إِذَا رَكِبَا فِى ٱلسَّفِينَةِ خَرَقَهَا ۖ قَالَ أَخَرَقْتَهَا لِتُغْرِقَ أَهْلَهَا لَقَدْ جِئْتَ شَيْـًٔا إِمْرًا ﴿٧١﴾

72 Calathuné: Punapa kula boten sampun sanjang, manawi sampéyan boten badhé kuwawi sabar asarengan kula?

قَالَ أَلَمْ أَقُلْ إِنَّكَ لَن تَسْتَطِيعَ مَعِىَ صَبْرًا ﴿٧٢﴾

73 Calathuné: Mugi sampéyan sampun duka dhateng kula déning prakawis ingkang kula kasupèn saha mugi sampéyan sampun meksa kula ingkang angèl ing prakawis kula.

قَالَ لَا تُؤَاخِذْنِيْ بِمَا نَسِيْتُ وَلَا
تُرْهِقْنِيْ مِنْ اَمْرِيْ عُسْرًا ﴿٧٣﴾

74 Banjur padha nerusaké lakuné, nganti, nalika katemu bocah lanang, iki dipatèni. (Musa) calathu: Punapa sampéyan mejahi tiyang resik, tanpa mawi sabab (mejahi) tiyang? Saèstu sampéyan punika anglampahi prakawis awon.

فَانْطَلَقَا حَتّٰىٓ اِذَا لَقِيَا غُلٰمًا فَقَتَلَهٗ
قَالَ اَقَتَلْتَ نَفْسًا زَكِيَّةً بِغَيْرِ نَفْسٍ
لَقَدْ جِئْتَ شَيْـًٔا نُّكْرًا ﴿٧٤﴾

JUZ XVI

75 Calathuné: Punapa kula boten sampun sanjang, manawi sampéyan boten badhé kuwawi sabar asarengan kula?

قَالَ اَلَمْ اَقُلْ لَّكَ اِنَّكَ لَنْ تَسْتَطِيْعَ
مَعِيَ صَبْرًا ﴿٧٥﴾

76 Calathuné: Manawi sasampunipun punika kula amitakèni sampéyan prakawis punapa-punapa, lah kula sampun sampéyan parengaken andhèrèk sampéyan; saèstu sampéyan badhé darbé pamuwung ing dalem prakawis kula.

قَالَ اِنْ سَاَلْتُكَ عَنْ شَيْءٍ بَعْدَهَا
فَلَا تُصٰحِبْنِيْ قَدْ بَلَغْتَ مِنْ
لَّدُنِّيْ عُذْرًا ﴿٧٦﴾

77 Tumuli sakaroné anerusaké laku, nganti, nalikané padha tumeka marang wonging sawijining kutha, *iki dijaluki pangan*; ananging dhèwèké padha emoh anampani sakaloron iku dadi dhayoh. Dumadakan ing kono padha *weruh* témbok arep rubuh, banjur dijejegaké. Musa calathu: Manawi sampéyan ngarsakaken, amasthi sampéyan sageda angalap pituwas ingatasipun prakawis punika.

Ar. *padha mangan wongé ing kono*

Ar. *nemu*

فَانْطَلَقَا حَتّٰىٓ اِذَآ اَتَيَآ اَهْلَ قَرْيَةِ
اسْتَطْعَمَآ اَهْلَهَا فَاَبَوْا اَنْ يُّضَيِّفُوْهُمَا
فَوَجَدَا فِيْهَا جِدَارًا يُّرِيْدُ اَنْ يَّنْقَضَّ
فَاَقَامَهٗ قَالَ لَوْ شِئْتَ لَتَّخَذْتَ
عَلَيْهِ اَجْرًا ﴿٧٧﴾

78 Calathuné: Punika pisahipun antawisipun kula kaliyan *sampé-*

قَالَ هٰذَا فِرَاقُ بَيْنِيْ وَبَيْنِكَ

Ar. *antawisipun sampéyan*

yan; sapunika kula badhé amedharaken dhateng sampéyan suraosipun[1515] barang ingkang sampéyan boten kuwawi nyabaraken.

سَأُنَبِّئُكَ بِتَأْوِيلِ مَا لَمْ تَسْتَطِعْ عَلَيْهِ صَبْرًا ﴿٧٨﴾

79 Menggahipun baita, punika gadhahanipun titiyang miskin, ingkang sami nyambut damel ing lèpèn, kajeng kula, punika badhé kula risak, sarta sawingkingipun piyambakipun wonten satunggaling raja ingkang damelipun angrampas sawarnining baita kalayan paripaksa.

أَمَّا السَّفِينَةُ فَكَانَتْ لِمَسَاكِينَ يَعْمَلُونَ فِي الْبَحْرِ فَأَرَدْتُ أَنْ أَعِيبَهَا وَكَانَ وَرَاءَهُمْ مَلِكٌ يَأْخُذُ كُلَّ سَفِينَةٍ غَصْبًا ﴿٧٩﴾

1515. Kateranganing suraosipun lalampahan warni tiga wau, anedahaken gumelaring kawicaksananipun Pangéran wonten ing sabarang rèh ingkang kalampahan wonten ing gesangipun manusa ing sadinten-dinten. Angger-anggering Pangéran kados déné ingkang gumelar wonten ing sagung dumados punika, punika menggah ing sajatos-jatosipun tumindakipun nuju mamrih dhateng kasaénan, sanajan tarkadhang katingalipun tumrap mripat wadhag, sajak adamel pituna dhateng sawenèh tiyang. Astaning Allah Ingkang-Mahamurah, ingkang makardi wonten ing sagung dumados, punika mesthi mengku maksud nununtun ing manusa tumuju dhateng kasaénan linuhung, sanajan kadumugènipun maksud wau perlu kedah dipun lantari mawi pituna punapa menggahing katingalipun. Terkadhang pituna wau namung katingalipun kémawon, kadosta: baita dipun bolongi, punika menggah ing sajatosipun boten adamel kapitunan, nanging anggènipun sajak dipun pitunani punika malah ngemu maksud ingkang langkung ageng sarta malah maédahi sanget dhateng ingkang gadhah. Tuladha ingkang angka kalih, inggih punika damel pituna saèstu dhateng satunggaling tiyang nanging punika kanggé kasaénanipun manusa umumipun, awit kanggé kasaénanipun manusa sadaya, kurban angetohaken nyawa punika kedah. Tuladha ingkang angka tiga anedahaken, bilih kanggé kasaénanipun manusa sadaya, tiyang kedahipun purun nindakaken pandamel ingkang boten sanalika wonten wawalesipun (ganjaranipun); sarta malih kasaénan ingkang katindakaken déning satunggaling turunan, punika boten kok boten maédahi babar pisan tumrap turunan ing sapengkeripun.

Menggah ing sajatos-jatosipun Kanjeng Nabi Musa piyambak ngalami pangalamaning gurunipun, sarta lalampahan-lalampahan wau sajakipun boten sanès kajawi gagambaran ingkang mangka piweca, ingkang anggambaraken pakaryanipun Kanjeng Nabi Musa piyambak, ing salamining sugengipun. Boten prabéda kaliyan baita dipun bolongi punika saged nuwuhaken kakuwatosan ing bab kawilujenganipun para ingkang sami numpaki, lah makaten ugi Kanjeng Nabi Musa, umatipun dipun tuntun dhateng satunggaling panggènan, ingkang manut pangintening umatipun wau, kados déné namung sami badhé dipun kèlemaken balaka. Nanging anggènipun wilujeng boten kirang satunggal punapa nalika sami nyabrangi toya, punika anedahaken, bilih ingkang makaten punika karana kanggé kasaénanipun piyambak. Lajengipun, Kanjeng Nabi Musa dhawuh dhateng pandhèrèk-pandhèrèkipun supados amerangi bangsa ingkang sakalangkung awon kalakuanipun lan dhawuh mejahi para titiyang wau. Nanging panjenenganipun mutahaken rahing manusa punika boten kok atanpa teges, awit menggah ing sajatos-ajatosipun, punika satunggaling tataran ingkang nuju dhateng tumuwuhing kamajenganipun bangsa. Salajengipun, anggènipun Kanjeng Nabi Musa angurbanaken sariranipun namung kanggé lalados dhateng titiyang Israil – inggih punika tedhak turunipun satunggaling tiyang ingkang tulus – punika cocog kaliyan lekas ingkang katindakaken déning gurunipun, ngedegaken tèmbokipun laré yatim tanpa nedha upah. Manawi ayat punika dipun waos kanthi angèngeti lalampahan punika, tétéla manawi andharan punika cariyos mi'rajipun Kanjeng Nabi Musa, inggih punika mralambangi lalampahan ageng ingkang badhé dipun alami déning panjenenganipun.

80 Wondéné pun laré, punika tiyang sepuhipun kalih pisan sami tiyang angèstu, sarta kula kuwatos-aken, bilih piyambakipun badhé anjalari pambalasaripun tuwin kafiripun (tiyang sepuhipun) kakalih;

وَ اَمَّا الْغُلٰمُ فَكَانَ اَبَوٰهُ مُؤْمِنَيْنِ
فَخَشِيْنَآ اَنْ يُّرْهِقَهُمَا طُغْيَانًا وَّ كُفْرًا ۝٨٠

81 Lan kajeng kula, supados Pangéranipun amaringana lilintu dhateng piyambakipun sakaliyan ingkang langkung saé menggahing kasucian tinimbang piyambakipun sarta langkung parek ing wilasa:

فَاَرَدْنَآ اَنْ يُّبْدِلَهُمَا رَبُّهُمَا خَيْرًا مِّنْهُ
زَكٰوةً وَّ اَقْرَبَ رُحْمًا ۝٨١

82 Wondéné pun tembok, punika gadhahanipun laré kakalih sami yatim ing salebetipun kitha, sarta ing sangandhapipun wonten barananipun, gadhahanipun (laré) kalih punika, tuwin bapakipun tiyang tulus; lan karsanipun Pangéran sampéyan, supados sakalihipun dumugi diwasa sarta andhudhaha barananipun, minangka wilasa saking Pangéran sampéyan, sarta pandamel kula punika boten saking moga kula piyambak.[1516] Makaten punika suraosipun barang ingkang sampéyan boten kuwawi nyabar-aken wau.

وَ اَمَّا الْجِدَارُ فَكَانَ لِغُلٰمَيْنِ يَتِيْمَيْنِ
فِى الْمَدِيْنَةِ وَ كَانَ تَحْتَهٗ كَنْزٌ لَّهُمَا
وَ كَانَ اَبُوْهُمَا صَالِحًا ۚ فَاَرَادَ رَبُّكَ
اَنْ يَّبْلُغَآ اَشُدَّهُمَا وَ يَسْتَخْرِجَا كَنْزَهُمَا ۖ
رَحْمَةً مِّنْ رَّبِّكَ ۚ وَ مَا فَعَلْتُهٗ عَنْ اَمْرِىْ ؕ
ذٰلِكَ تَاْوِيْلُ مَا لَمْ تَسْطِعْ عَّلَيْهِ صَبْرًا ۝٨٢ؕ

RUKU' 11

Ingkang-Asingat-kalih tuwin Ya'juj lan Ma'juj

83 Lan dhèwèké padha takon marang sira prakara Dhu-l-qarnain.[1517] Calathua: Aku bakal amacakaké caritané dhèwèké marang kowé.

وَ يَسْــَٔلُوْنَكَ عَنْ ذِى الْقَرْنَيْنِ ؕ قُلْ
سَاَتْلُوْا عَلَيْكُمْ مِّنْهُ ذِكْرًا ۝٨٣ؕ

1516. Punika anedahaken, bilih punika namung kanggé piwulang tumrap Kanjeng Nabi Musa.

1517. Tembung *dhu-l-qarnain*, punika tegesipun wantah: *ingkang-asingat kalih*. Déné ingkang dipun karsakaken, inggih punika ménda gèmbèl jaler ingkang asingat kalih, ingkang kapirsanan déning Nabi Daniél wonten ing salebeting luyut (Dan. 8: 3), ingkang déning panjenenganipun dipun werdéni kerajan Media lan Persi, ingkang kakempalaken dados kerajan satunggal dipun ratoni ratu satunggal,

84 Sayekti, Ingsun anetepaké dhèwèké ana ing bumi sarta Ingsun paringi sarana panggayuh marang samubarang.

إِنَّا مَكَّنَّا لَهُۥ فِى ٱلْأَرْضِ وَءَاتَيْنَٰهُ مِن كُلِّ شَىْءٍ سَبَبًا ﴿٨٤﴾

85 Lan dhèwèké nurut dadalan.

فَأَتْبَعَ سَبَبًا ﴿٨٥﴾

Ut. *wates buntas kulon*

86 Nganti, nalikané dhèwèké tumeka *enggon suruping srengéngé*,[1518] iki tinemu katon sumurup ing sagara ireng,[1519] sarta ing kono

حَتَّىٰٓ إِذَا بَلَغَ مَغْرِبَ ٱلشَّمْسِ وَجَدَهَا تَغْرُبُ فِى عَيْنٍ حَمِئَةٍ وَوَجَدَ عِندَهَا

inggih punika Sang nata Cyrus, ingkang déning Bébel kalèntu dipun wastani sang nata Darius (En. Br. tuwin Yewish En. art. "Darius"). Nanging ingkang dipun karsakaken wonten ing luyutipun Nabi Daniel, punika sanès sang prabu Cyrus, nanging sang prabu Darius I Hystaspis (521-485 sadèrèngipun Kanjeng Nabi 'Isa), inggih punika "ingkang sampun marengaken titiyang Yahudi Padalemanipun Suci, sarta ingkang kasebutaken ing Serat Ezra 4: 5, 24; 5: 5; 6: 1; Serat Haggai 1: 1; 2: 10; Serat Zakariyah 1: 7, tuwin ambokmanawi kémawon ing Serat Nehimiyah 12: 22. Bèr-budi bawalaksananipun sang prabu Darius dhateng bangsa Yahudi, punika cocog kaliyan ingkang sampun sami kula sumerepi ing bab politikipun ingkang umum sang prabu wau tumrap ing babagan agaminipun bangsa-bangsa ingkang dados rèh-rèhanipun." (En. Bib. "Darius").

"Ménda gèmbèl jaler ingkang asingat kalih" ing luyutipun Nabi Daniél, punika ratu ing Media lan Persi. Prakawis punika sampun katerangaken wonten ing Serat Daniel. Ing ngriku werdining supena wau dipun terangaken makaten: "Mungguh wedhus gèmbèl lanang asungu loro kang kodeleng, iku ngibarati rajané Media lan Persi" (Dan. 8: 20). Déné cariyos *Dhu-l-qarnain* ing dalem Quran, punika ingkang dipun karsakaken Darius I, tandhanipun: "Darius punika ingkang mranata Kerajan Persi. Anggènipun neluk-nelukaken punika perlu kanggé mageri tapel-watesing kerajanipun ing Armeniah, Caucasus, tuwin ing India, saha ing saurutipun tanah ngaré Turanian saha pareden ing Asia Tengah." (Yewish Enc. "Darius I"). Katerangan saking En. Br. ing ngandhap punika angiyataken pamanggih punika: "Kasebutaken wonten ing seratan ing sela (*inscription*) ingkang kanggé mèngeti panjenenganipun, katawis sang nata Darius punika tiyang ingkang setya ngrungkebi agaminipun sang Zoroaster ingkang sajati. Nanging panjenenganipun punika ugi satunggaling *staatsman* lan *organisator* ingkang peng-pengan. Wekdalipun aneluk-nelukaken sampun rampung; boten prabéda lan Maharaja Augustus, anggènipun sang prabu Darius peperangan, punika namung mengku maksud yasa tapel wates ingkang asli saking kudrat kanggé mageri krajanipun tur ingkang santosa, makaten malih karana kanggé rumeksa bangsa-bangsa ingkang taksih wanan, sampun ngantos nglangkahi tapel watesipun. Kadosta: sang prabu Darius nelukaken bangsa-bangsa ingkang taksih biadhab ing tanah pareden ing laladan Saganten Cemeng lan Armeniah, sarta ngelar jajahanipun kerajan Persi dumugi ing Caucasus. Makaten ugi anggènipun sang prabu merangi bangsa Sacae lan bangsa Turani sanès-sanèsipun, punika ugi mengku maksud kados makaten wau." Pethikan punika anyebutaken, bilih sang prabu Darius punika dados pandhèrèk ingkang setya dhateng agaminipun sang Zoroaster ingkang sajati, neluk-nelukaken bangsa ingkang taksih biadab ing tapel wates, yasa tapel wates ingkang saking kudrat (*natural frontiers*) kanggé ambètèngi kerajanipun, sarta merangi bangsa Sacae. Punika mratandhani, bilih inggih panjenenganipun punika *Dhu-l-qarnain* ingkang kasebut ing dalem Quran punika.

1518. *Magribu-sy-syams*, utawi *enggon suruping srengéngé*, punika ateges watesing kerajanipun ingkang buntas kilèn, awit mangilèn malih panjenenganipun sampun boten saged, dados tumrap panjenenganipun ing ngriki punika panggènan serapipun surya.

1519. Tembungipun Arab: عَيْنٍ حَمِئَةٍ ingkang wantahipun ateges *seganten cemeng*. '*Ain* punika ateges *toya kathah sanget*, utawi *panggènan nglempakipun lan ngembengipim toya* (TA-LL). Déné *hami'ah* tegesipun *lempung cemeng* (TA-LL). Déné panggènan punika boten sanès kajawi Seganten Cemeng ingkang dipun karsakaken, awit tanah Armeniah makaten kelebet laladanipun kerajan Persi, Seganten Cemeng dados watesipun kerajan ingkang sisih lèr-kilèn.

tinemu ana sawijining bangsa. Ingsun ngandika: É, Dhu-l-qarnain, iku padha sira patrapana utawa sira gawéa becik.

قَوْمًا ۗ قُلْنَا يٰذَا الْقَرْنَيْنِ إِمَّآ أَنْ تُعَذِّبَ وَ إِمَّآ أَنْ تَتَّخِذَ فِيْهِمْ حُسْنًا ﴿٨٦﴾

87 Unjuké: Sinten ingkang atindak dédé inggih badhé kawula patrapi; tumunten badhé winangsulaken dhateng Pangéranipun, lajeng Panjenenganipun amatrapi piyambakipun mawi patrapan ingkang awrat:

قَالَ أَمَّا مَنْ ظَلَمَ فَسَوْفَ نُعَذِّبُهُ ثُمَّ يُرَدُّ إِلٰى رَبِّهِ فَيُعَذِّبُهُ عَذَابًا نُكْرًا ﴿٨٧﴾

88 Wondéné ingkang angèstu saha alampah saé, punika badhé angsal pituwas ingkang saé; lan Ingsun bakal aparing pangandika marang dhèwèké arupa paréntah-Ingsun kang gampang.[1520]

وَأَمَّا مَنْ أٰمَنَ وَعَمِلَ صَالِحًا فَلَهُ جَزَآءً الْحُسْنٰى ۚ وَسَنَقُوْلُ لَهُ مِنْ أَمْرِنَا يُسْرًا ﴿٨٨﴾

89 Tumuli dhèwèké nurut dadalan (liyané).

ثُمَّ أَتْبَعَ سَبَبًا ﴿٨٩﴾

Ut. *katon*

90 Nganti, nalikané dhèwèké tumeka enggon mlethèking srengéngé, iki *tinemu* munggah angungkuli sawijining bangsa, kang ora Ingsun paringi éyub-éyub minangka panulaké iki;[1521]

حَتّٰى إِذَا بَلَغَ مَطْلِعَ الشَّمْسِ وَجَدَهَا تَطْلُعُ عَلٰى قَوْمٍ لَمْ نَجْعَلْ لَهُمْ مِنْ دُوْنِهَا سِتْرًا ﴿٩٠﴾

1520. Rèhning panjenenganipun punika pandhèrèkipun ingkang setya sang Zoroaster, nabinipun bangsa Persi ingkang misuwur punika, mila ingkang cepak panjenenganipun inggih ajak-ajak titiyang golongan punika, ngrungkebi agami kados ingkang dipun rungkebi déning panjenenganipun.

1521. Lalana ambal kaping tiga ingkang kapangandikakaken ing ngriki, punika sajakipun katindakaken déning sang prabu kanthi maksud nyantosakaken tapelwatesing kerajan. Ingkang wigatos piyambak, nalika lalana dhateng tapelwates ingkang kaprenah wonten ing saantawisipun Saganten Kaspi lan Saganten Cemeng; lah ing ngriku redi Caucasus saged dados bebèteng asli saking kudrat kanggé nulak panyerangipun bangsa Scythiah. Ingkang rumiyin sang prabu Darius tindak lalana mangilèn dhateng Saganten Cemeng, lajeng mangètan, sarta ingkang wekasan piyambak mangalèr dhateng redi Caucasus. Dhawuh katrangan ingkang mangandikakaken bangsa ingkang dudunung ing ngriki, bangsa ingkang boten gadhah aling-aling (utawi eyub-eyub) saking bentering surya, punika minangka katrangan gagambaranipun bangsa asli ingkang taksih wanan ingkang pinanggih wonten ing pasisiring seganten Kaspi. En. Br. nyebutaken wonten ing bab Media makaten "Nama-nama ingkang kasebut wonten seratan ing séla (*inscription*) bangsa Assyriah, punika ambuktèkaken, bilih bangsa-bangsa ing Zagros saha ing tanah Media sisih lèr, punika sanès bangsa Iran lan sanès bangsa Indo-Eropah, nanging bangsa asli, kados déné bangsa ingkang dudunung ing Armeniah jaman kina; ambokmanawi kémawon taksih wonten sasambetanipun kaliyan bangsa warni-warni ing Caucasus. Dangu-dangu pengaruh Iran menang, kadosta kala-kadhing nama-namanipun tiyang dharah luhur Iran

91 Kaya mangkono iku! lan sayekti (kawruh-)Ingsun anglimputi apa kang ana ing dhèwèké.

كَذَٰلِكَ وَقَدْ أَحَطْنَا بِمَا لَدَيْهِ خُبْرًا ﴿٩١﴾

92 Tumuli dhèwèké nurut dadalan (liyané).

ثُمَّ أَتْبَعَ سَبَبًا ﴿٩٢﴾

93 Nganti, nalikané dhèwèké tumeka ing (panggonan) saantarané gunung loro, tinemu ing sisih kanané (gunung) loro iku ana sawijining bangsa, kang mèh-mèh ora ngerti caturan.[1522]

حَتَّىٰٓ إِذَا بَلَغَ بَيْنَ ٱلسَّدَّيْنِ وَجَدَ مِن دُونِهِمَا قَوْمًا لَّا يَكَادُونَ يَفْقَهُونَ قَوْلًا ﴿٩٣﴾

94 Dhèwèké padha matur: Dhuh, Dhu-l-qurnain! Saèstu Ya'juja lan Ma'juja punika sami adamel wisuna ing bumi. Lah punapa kula sami ambayar béya (kémawon) dhateng panjenengan, kalayan janji, panjenengan angyasani papager antawisipun kula kaliyan *piyambakipun*.[1523]

Ar. *antawisipun piyambakipun*

قَالُوا۟ يَٰذَا ٱلْقَرْنَيْنِ إِنَّ يَأْجُوجَ وَمَأْجُوجَ مُفْسِدُونَ فِى ٱلْأَرْضِ فَهَلْ نَجْعَلُ لَكَ خَرْجًا عَلَىٰٓ أَن تَجْعَلَ بَيْنَنَا وَبَيْنَهُمْ سَدًّا ﴿٩٤﴾

kasebutaken dados ratunipun bangsa-bangsa punika. Nanging bangsa Gelae, Tapuri, Cadusiy, Amardi, Utii, tuwin bangsa sanès-sanèsipun ing Media sisih lèr tuwin ing pasisiring seganten Kaspi, punika sanès bangsa Iran.

1522. Redi kakalih punika redi ing Armeniah lan ing Azarbaijan. Titiyang ingkang dudunung ing ngriku sami gadhah basa piyambak, boten mengertos basa Iran.

1523. Ayat punika maringi dhateng kula sami masalah ingkang sakalangkung déning wigatos, inggih punika Ya'juj lan Ma'juj punika sinten. Ya'juj lan Ma'juj ingkang kasebutaken ing Bébel boten patosa gumathok. Ing Purwaning Dumados 10: 2 tuwin ing Serat Babad ingkang kapisan 1: 5, "Magog (Ma'juj) punika kasebutaken anakipun jaler Yafet ingkang angka kalih, antawisipun Gomer kaliyan Madai. Gomer ngibarati Cimmerian, déné Madai Medes. Magog (Ma'juj;) punika mesthi satunggaling bangsa ingkang dudunung ing sawetanipun Cimmerian lan sakilènipun Medes. Nanging wonten ing cathetan nama-namanipun bangsa-bangsa ing Purwaning Dumados 10, tembungipun sajak namung nyebutaken bangsa mawarni-warni ingkang taksih wanan, ingkang sami dudunung wonten ing panggènan buntas lèr lan lèr wètan ingkang sampun kasumerepan déning surating Bébel wau .... Ing Ezek 38: 2 kasebutaken Ma'juj (Magog) punika namanipun satunggaling nagari. Ing Ezek 39: 6 kasebutaken Ma'juj namanipun bangsa ing tanah lèr, panuntunipun namanipun Gog (Ya'juj)" (*Yewish En*., Art. "Gog and Magog"). "Yosephus mastani Ya'juj punika bangsa Scythiah, ingkang wonten ing antawisipun para pengarang klasik kanggé namakaken bangsa mawarni-warni ingkang taksih kesit lan dèrèng kasumerepan. Miturut Yerome, Magog punika kaprenah wonten ing sisih ngrikanipun Kaukasus ing Sacelakipun Seganten Kaspi" (*Yewish En*.). En. Br. mastani, pengadatan ingkang anetepaken, bilih Ya'juj lan Ma'juj punika bangsa Scythiah, punika "kados wonten leresipun." Pamanggihipun Yosephus lan Yerome ingkang sami amastani, bilih Ya'juji lan Ma'juj punika bangsa Scythiah, déning *En. Br.* winastan kados wonten leresipun. Salajengipun En. Br. anerangaken, bilih: "pamanggih ingkang kados wonten leresipun punika, limrah dipun anggé ing ngakathah." Namung, kémawon *En. Br.* ugi anerangaken, bilih tembung wau ugi saged dipun anggé namakaken "sadhéngah utawi sarupining bangsa ing tanah lèr ingkang mawarni-warni punika, nanging ingkang saweg sabagéan kémawon

ingkang kasumerepan. Pambudidaya badhé anetepaken panggènanipun Magog ingkang langkung gumathok, namung saged katindakaken sacara groboh."

Nanging para pangarang ingkang kasebut wau sadaya, boten sami migatosaken ungelipun Ezek. 38: 2 ingkang makaten: "Gog (Ya'juj), ing tanahé Magog (Ma'juj), ratu ing Rasy ian Meshekh tuwin Tubal." Tubal tuwin Meshekh, punika kénging winastan mèh ajeg dipun sebutaken sasarengan. Sinten Tubal lan Meshekh punika, rekaos sanget dipun patitisaken, saking rekaosipun, ngantos wonten satunggaling tukang nitipriksa Bébel ingkang sampun misuwur, mastani nama-namanipun sawenèh bangsa ing Palestina Kidul. Nanging punika cengkah kaliyan pamanggihipun para pengarang kina kados déné Yosephus, ingkang amastani Ma'juj punika wonten ing salèripun Kaukasus. Mangka manawi kita mangalèr saèstu, ing salèring Caucasus, kita taksih saged nyipati wontenipun lèpèn kakalih ingkang namanipun Tobal lan Moskoa. Lèpèn Moskoa punika kaprenah wonten ing kitha Moscow kina, lèpèn Tobal wonten ing kitha Tobolsk énggal. Ambokmanawi kémawon sampun kénging katamtokaken, bilih namanipun lèpèn kakalih punika asli saking bangsa kakalih ingkang kasebutaken ing Ezek. 38: 2 wau, inggih punika Tubal lan Meshekh, lajeng kanggé namakaken kitha kakalih ingkang kasebut ing nginggil, dados nglastantunaken namanipun bangsa kakalih wau. Pamanggih punika cocog kaliyan pamanggihipun Yosephus, ingkang amastani Magog punika bangsa Scythiah, awit pinanggih-ipun wonten ing serat-serat klasik, Scythiah punika limrahipun ateges sadhéngah panggènan ing salèripun lan ing salèr wètanipun Saganten Cemeng; déné tiyang Scythiah, punika sadhéngah tiyang wanan ingkang aslinipun saking panggènan ngriku."

Dados nitik katerangan ingkang kasetut ing nginggil wau, kados sampun terang, bilih nama Magog (Ma'juj) punika ateges bangsa alit-alit ingkang dudunung ing laladan ing salèripun tuwin ing salèr wètanipun Saganten Cemeng, inggih punika bangsa alit-alit ingkang "*direct*" utawi "*indirect*" nyukani nama kitha Tobolsk lan Moscow.

Wonten saprakawis malih ingkang pantes karembag, inggih punika reca ageng gambaripun Gog lan Magog (Ya'juj lan Ma'juj) ingkang wonten ing Guildhall, ing kitha London. *En. Br*. nerangaken: Misuwuripun, reca-reca, saminipun ingkang wonten ing London ing samangké punika, sampun nalika jamanipun sang nata Henry V." Tuwan Geoffrey of Monmouth nerangaken bab punika, makaten: "Gaemot utawi Gaemagot (kelanturipun tembung Gog lan Magog, utawi aslinipun tembung Gog lan Magog), punika satunggaling raseksa, ingkang kaliyan sadhèrèkipun jaler nama Gorineus, atindak sawenang-wenang wonten ing nagari Inggris poncot kilèn, ngantos dumugining dipun pejahi déning titiyang monca nagari ingkang angrabasa mriku." (En. Br., Art. "Gog and Magog"). Saèstunipun, badhé anerangaken sasambetanipun antawising bangsa ingkang mawarni-warni ing jaman kina, ingkang kalayan sawatawis trep, punika angèl sanget. Suprandéné, ing nagari Inggris wonten reca gambaripun Gog lan Magog (Ya'juj lan Ma'juj), mangka manut panlitipriksa wontenipun sampun wiwit ing jaman kina tumrap babadipun bangsa Inggris, punika lajeng nuwuhaken panginten-inten, bilih bangsa Angles utawi bangsa Saxons, punika nalika ing jaman kina wonten sasambetanipun kaliyan bangsa Scythiah utawi bangsa alit-alit sanèsipun, ingkang sami gesang wonten ing salèripun Kaukasus utawi Saganten Cemeng. Sasambetanipun bangsa ingkang mawarni-warni ing jaman kinaning makina, punika sakalangkung ruwet, sanès papanipun karembag wonten ing ngriki. Éwadéné kados boten wonten awonipun dipun pèngeti, bilih bangsa Goth, ingkang kaanggep golonganipun bangsa Teutonia ingkang sami manggèn ing panggènan ingkang kapéring wétan piyambak, punika kacariyos inggih naté ngumbara dhateng tanah Scythiah (En. Br. "Goths"). Punika nedahaken, bilih, antawisipun bangsa kakalih wau wonten sasambetanipun. Lan malih, "tiyang Batharnae ingkang nalika abad ingkang kaping tiga ing sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi 'Isa angrabasa lan dudunung wonten ing talatah ingkang kaprenah ing saantawisipun paredèn Karpathen kaliyan Saganten Cemeng, punika déning para pangarang ing jaman kina kacariyosaken, bilih asli Teutonic, sanajan ta bangsa wau lajeng sami sesémahan kaliyan bangsa asli ing ngriku" (*En. Br*., "Teutonic Peoples").

Sapunika nyandhak rembag lajengipun, inggih punika pratélan ingkang mangandikakaken, bilih bangsa-bangsa ing panggènan saantawisipun Azerbaijan lan pareden Armeniah, ingkang dipun uningani déning sang prabu Darius, tansah dipun ganggu-damel déning tatangganipun ing lèr, inggih punika bangsa Scythiah. Babad aneksèni ing kayektèning dhawuh pratélan punika. Bangsa Scythiah, utawi miturut sawenèh pengarang, bangsa Sacae, pancèn tansah angganggu-damel tanah Asia. Miturut Herodotus, titiyang Scythiah naté maréntah tanah Media ngantos wolulikur taun laminipun (*En. Br*., Art. "Scythia"). "Nalika watawis 512 (sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi 'Isa. *pen*), prabu Darius merangi bangsa Scythiah ...... Maksudipun peperangan punika, ingkang cepak namung perlu badhé

95 Calathuné: Barang kang katetepaké déning Pangéranku tumrap ing aku, iku luwih becik; mulané aku bantonana baé kalawan *kakuwatan*, aku bakal ngyasani papager kukuh ing antarané kowé karo *dhèwèké.*

Ut. *kanca bau suku* Ar. *antarané dhèwèké*

قَالَ مَا مَكَّنِّي فِيهِ رَبِّي خَيْرٌ فَأَعِينُونِي بِقُوَّةٍ أَجْعَلْ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَهُمْ رَدْمًا ﴿٩٥﴾

96 Padha ngusungana wesi balèbèkan mréné;[1524] nganti, bareng enggon saantaraning lambungé gunung loro iku wis *dikebaki*, dhèwèké calathu: Padha ububana; nganti, bareng iku wis didadèkaké (kaya) geni, dhèwèké calathu: Padha ngusungana tembaga luluh mréné, mengko dakcorné mrono.

Ar. *dirampak*

آتُونِي زُبَرَ الْحَدِيدِ ۖ حَتَّىٰ إِذَا سَاوَىٰ بَيْنَ الصَّدَفَيْنِ قَالَ انفُخُوا ۖ حَتَّىٰ إِذَا جَعَلَهُ نَارًا قَالَ آتُونِي أُفْرِغْ عَلَيْهِ قِطْرًا ﴿٩٦﴾

97 Mulané dhèwèké padha ora bisa angunggahi iku sarta padha ora bisa ambobol.

فَمَا اسْطَاعُوا أَن يَظْهَرُوهُ وَمَا اسْتَطَاعُوا لَهُ نَقْبًا ﴿٩٧﴾

---

nempuh bangsa Turania ingkang taksih ngulandhara ing sisih wingkingipun, dados mengku kajeng *badhé adamel tata-tentreming tapel watesipun kerajan ingkang sisih lèr*" (*En. Br*., Art. "Darius"). Ukara ingkang kula serat miring ing nginggil punika, anedahaken, bilih sang prabu Darius ambudidaya ing sakatog-katogipun badhé adamel tata-tentreming tapel watesing prajanipun ingkang sisih lèr; lah ing ngriku redi Kaukasus, ingkang sisih kiwa lan tengenipun tepang wates kaliyan Saganten Cemeng lan Saganten Kaspi, punika saged dados bebètèng ingkang saking kudrat.

Papager ingkang kasebutaken ing ayat punika, sarta ingkang katerangaken ing dalem ayat sambetipun, punika tèmbok ing Derbent ingkang misuwur punika (Art. Darband). Bab cacriyosanipun tèmbok punika, katerangaken déning titiyang lslam ahli kawruh ngélmu bumi tuwin ahli kawruh babad, upaminipun kémawon, ing kitab Marasidu-l-Ittila' tuwin Ibnu-l-Faqih. Namung katerangan ing wingking punika, kapethik saking Encyclopaedia Britannica, murih langkung maremaken: "Derbent utawi Darband, punika salah satunggaling kithanipun nagari Persi, inggih punika ing Kaukasia, bawah Provincie Daghestan, ing pasisiring saganten Kaspi ingkang sisih kilèn. Punika dumunung wonten ing pasitèn ingkang boten sapintena wiyaripun wonten ing sapinggiring saganten, ingkang saking ngriku lajeng manginggil urut tepining jujurang terus dhateng dharatan. Wonten ing sisih kidul dununging poncotipun témbok Kaukasus ingkang ngener dhateng saganten (50 mil panjangipun), ingkang ugi misuwur sinebut "Tèmboké Alexander" ingkang mèpèti margi ing sela-selaning redi (*pass*) ingkang winastan "Gapura Wesi" utawi "Gapura Kaspi" (Portus Albanae, utawi Portus Caspae). Punika nalika taksih wetah, ngantos 29 pecak (kaki) inggilipun, kandelipun ngantos 10 pecak (kaki). Tèmbok punika manawi dalah *gapuranipun tosan* sarta menaranipun-pajagèn ingkang kathah punika, *dados bebètèngipun tapel wates Persi ingkang sakalangkung ageng aosipun*." (Ukara ingkang kantun piyambak, punika kula ingkang andhoyongaken aksaranipun. Mirsanana tafsir candhakipun punika). Nama "Témboké Alexander" ingkang boten leres, punika ambokmanawi kémawon tuwuh awit saking lepatipun para ahli babad Muslimin ingkang sami gadhah panginten, bilih Dhulqarnain punika Maharaja Iskandhar (Alexander).

1524. Tosan blèbèkan punika dipun betahaken kanggé ngyasani gapura tosan ing tèmbok wau, kateranganipun kula aturi mirsani wekasaning katerangan ingkang sampun kasebut ing nginggil.

98 Dhèwèké calathu: Iki wilasa saka Pangéranku, ananging samangsa janjining Pangéranku wis tumeka, Panjenengané bakal andadèkaké iki rata karo lemah, sarta janjining Pangéranku iki masthi nyata.

قَالَ هٰذَا رَحْمَةٌ مِّنْ رَّبِّيْ فَإِذَا جَآءَ
وَعْدُ رَبِّيْ جَعَلَهٗ دَكَّآءَ ۚ وَكَانَ
وَعْدُ رَبِّيْ حَقًّا ﴿٩٨﴾

99 Lan ing dina iku dhèwèké kang sapérangan Ingsun togaké perang karo pérangan liyané, sarta slomprèt bakal tumiyup; tumuli dhèwèké padha Ingsun impun kabèh;[1525]

وَتَرَكْنَا بَعْضَهُمْ يَوْمَئِذٍ يَّمُوْجُ فِيْ بَعْضٍ
وَّنُفِخَ فِي الصُّوْرِ فَجَمَعْنٰهُمْ جَمْعًا ﴿٩٩﴾

100 Lan ing dina iku Ingsun angatonaké naraka, dipitontonaké, marang para kafir.

وَّعَرَضْنَا جَهَنَّمَ يَوْمَئِذٍ لِّلْكٰفِرِيْنَ عَرْضًا ﴿١٠٠﴾

101 Para sing mripaté padha katutup saka Pépélingé-Ingsun, sarta ora padha bisa ngrungu.

الَّذِيْنَ كَانَتْ أَعْيُنُهُمْ فِيْ غِطَآءٍ عَنْ
ذِكْرِيْ وَكَانُوْا لَا يَسْتَطِيْعُوْنَ سَمْعًا ﴿١٠١﴾

RUKU' 12

Bangsa Nasrani

102 Apa para kang padha kafir padha ngira manawa bisa ngalap kawula-Ningsun minangka pangayoman sabda-Ningsun? Sayekti Ingsun anyadiyakaké naraka minangka panggonan tumrap para kafir.[1526]

أَفَحَسِبَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا أَنْ يَّتَّخِذُوْا
عِبَادِيْ مِنْ دُوْنِيْٓ أَوْلِيَآءَ ۚ إِنَّآ أَعْتَدْنَا
جَهَنَّمَ لِلْكٰفِرِيْنَ نُزُلًا ﴿١٠٢﴾

1525. Sajakipun ingkang kasasmitakaken wonten ing ngriki punika sawenèh peperangan ageng antawisipun bangsa-bangsa, sarta terang sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika, babaya ageng bangsanipun ingkang kasebutaken ing kitab Injil, ingkang ungelipun makaten: "Déné bakal ana pating pathènthènging bangsa mumungsuhan padha bangsa, lan karaton mumungsuhan padha karaton, sarta ing saenggon-enggon bakal ana pahilan lan pageblug tuwin lindhu. Ananging lalakon iku dumadi wiwitaning sangsara" (Mat. 24: 7, 8).

1526. Dhawuh punika anedahaken, bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika titiyang Nasrani, awit inggih para titiyang wau contonipun ingkang melok tiyang ingkang nganggep kawulaning Allah kaanggep dados pangéran. Langkung-langkung, miturut satunggaling hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci (ingkang kasebut ing sahih-Muslim), sadasa ayatipun surat punika ingkang wekasan, punika dados pangreksa saking piawonipun Dajjal; lah punika anedahaken bilih ayat-ayat wau isi piwulang ingkang kénging kanggé panawaring wisanipun piwulanging agami Nasrani ingkang sasar.

103 Calathua: Apa kowé padha gelem dakwartani prakara wong kang luwih déning kapitunan ing dalem panggawé(-né)?

قُلْ هَلْ نُنَبِّئُكُمْ بِالْأَخْسَرِينَ أَعْمَالًا ﴿١٠٣﴾

104 Yaiku para kang sasar lakuné ing dalem kauripan donya sarta padha rumasa, yèn awaké iku wegig ing dalem gagawéan.[1527]

اَلَّذِينَ ضَلَّ سَعْيُهُمْ فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا
وَهُمْ يَحْسَبُونَ أَنَّهُمْ يُحْسِنُونَ صُنْعًا ﴿١٠٤﴾

105 Yaiku para kang padha angafiri ing timbalan-timbalan Pangérané sarta sapatemon-É; mu-
Ar. *mulané* lané panggawé-panggawéné lebur, *sarta* ing dina kiyamat Ingsun ora bakal angedegaké traju tumrap
a. 859 dhèwèké.[a][1528]

أُولٰئِكَ الَّذِينَ كَفَرُوا بِآيٰتِ رَبِّهِمْ وَلِقَائِهِ
فَحَبِطَتْ أَعْمَالُهُمْ فَلَا نُقِيمُ لَهُمْ يَوْمَ
الْقِيٰمَةِ وَزْنًا ﴿١٠٥﴾

106 Iya mangkono iku pituwasé naraka, amarga saka anggoné padha angafiri sarta anggoné anganggep guguyon timbalan-timbalan-Ingsun sarta para utusan-Ingsun.

ذٰلِكَ جَزَاؤُهُمْ جَهَنَّمُ بِمَا كَفَرُوا
وَاتَّخَذُوا آيٰتِي وَرُسُلِي هُزُوًا ﴿١٠٦﴾

107 Sayekti, para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, iku bakal padha olèh pondhokan patamanan Firdaus.

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ كَانَتْ
لَهُمْ جَنّٰتُ الْفِرْدَوْسِ نُزُلًا ﴿١٠٧﴾

108 Padha manggon ing kono, sarta ora bakal padha kapéngin ngalih saka ing kono.

خٰلِدِينَ فِيهَا لَا يَبْغُونَ عَنْهَا حِوَلًا ﴿١٠٨﴾

1527. Lah punika gambaripun ingkang cetha sikepipun bangsa-bangsa ingkang sampun majeng ing jaman samangké, dhateng prakawis ingkang kabetahaken tumrap budipakertinipun saha ruhaninipun. Sadaya mobah-mosikipun, muhung kanggé gesang kadonyan punika, sakedhik kémawon boten para titiyang wau sami manah dhateng gesang sasampuning pejah; kalangkunganipun namung satunggal thil, inggih punika: sakalangkung wegig dadamelaning tangan-tanganipun.

1528. Pandamel awon, punika wonten ing ngarsanipun Allah atanpa aji. Nanging tumrap ingkang sami nindakaken pandamel awon wau badhé awon. Milanipun tumrap para ingkang boten nindakaken pandamel saé, mesthi boten badhé gadhah "traju ingkang dipun jejegaken tumrap piyambakipun. Pandamel lebur, punika ateges, bilih pandamel wau boten badhé ngangsalaken kasaénan wonten ing gesang ing tembé. Panyrempengipun namung muhung dhateng donya punika, samukawis ingkang mangka wohing panyarempengipun, nadyan kados punapa kémawon wujudipun, sampun sami kapethik wonten ing gesang sapunika punika.

109 Calathua: Saupama sagara iku minangka mangsi tumrap sabdaning Pangéranku, amasthi entèk sagara iku ing sadurungé entèk sabda Pangéranku, sanajan ta Ingsun anekakna samono manèh minangka wuwuhan.[1529]

قُلْ لَّوْ كَانَ الْبَحْرُ مِدَادًا لِّكَلِمٰتِ رَبِّيْ
لَنَفِدَ الْبَحْرُ قَبْلَ اَنْ تَنْفَدَ كَلِمٰتُ رَبِّيْ
وَلَوْ جِئْنَا بِمِثْلِهٖ مَدَدًا ﴿١٠٩﴾

110 Calathua: Aku iki mung manusa baé papadhamu; (sabda) winedharaké marang aku, yèn Pangéranmu iku Pangéran kang sawiji; mulané sapa sing kepéngin katemu Pangérané, lah anglakonana panggawé becik, sarta aja anyakuthokaké sawiji-wiji kalawan pangabdiné ing Pangérané.

قُلْ اِنَّمَآ اَنَا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُوْحٰٓى اِلَيَّ
اَنَّمَآ اِلٰهُكُمْ اِلٰهٌ وَّاحِدٌ ۚ فَمَنْ كَانَ يَرْجُوْا
لِقَآءَ رَبِّهٖ فَلْيَعْمَلْ عَمَلًا صَالِحًا وَّلَا
يُشْرِكْ بِعِبَادَةِ رَبِّهٖٓ اَحَدًا ﴿١١٠﴾

1529. Para ingkang sami anggadhahi panginten, bilih Kitab Quran biyantu ngleresaken pangandel bab kapangérananipun Kanjeng Nabi ‘Isa, dupèh Kitab Quran amastani panjenenganipun *kalimahipun Allah* utawi *sabdanipun Allah*, amèngetana ayat punika ingkang kalayan mligi. Lah ing ngriki kapangandikakaken, bilih *sabdaning Allah* punika kathah sanget, ngantos boten saged dipun serati. Dados, manut basanipun Quran Suci, sarupining titahipun Pangéran, punika winastan *kalimah* utawi *sabdanipun Allah*. Kula aturi mirsani ugi 1956.

ركوعاتها ٦ سورة مريم مكية (١٩) آياتها ٩٨

SURAT 19

MARYAM

(*Siti Maryam*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*6 ruku', 98 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kanjeng Nabi Zakariya lan Kanjeng Nabi Yahya.
Ruku' 2. Siti Maryam lan Kanjeng Nabi 'Isa.
Ruku' 3. Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku' 4. Para nabi sanèsipun.
Ruku' 5. Para milawani dipun punapakaken.
Ruku' 6. Piwulang palsu bab Allah puputra.

Nama lan sasambetanipun

Babantahan kaliyan agami Nasrani taksih kalajengaken wonten ing surat punika, déné namanipun surat punika mirid saking asmanipun ingkang ibu Kanjeng Nabi 'Isa, *Maryam*; kawontenan ingkang gagandhèngan kaliyan anggènipun miyosaken Kanjeng Nabi 'Isa dipun andharaken wonten ing surat punika. Nanging rèhning surat ingkang sampun punika anggènipun mangandikakaken lalampahanipun agami Nasrani langkung panjang katimbang anggènipun mangandikakaken piwulangipun, mila surat punika radi kathah anggènipun ngrembag palsunipun i'tikad(-pangandel)-ipun agami Nasrani, ingkang déning surat punika katerangaken manawi punika piwulang damel-damelan anyar, ingkang cecengkahan sanget kaliyan piwulangipun sadaya nabi.

Bab ingkang karembag

Kalih ruku' ingkang wiwitan mangandikakaken nabi ingkang wekasan piyambak wonten ing antawisipun trah Israil, inggih punika Kanjeng Nabi Yahya lan Kanjeng Nabi 'Isa. Piwulang palsu ingkang tuwuh mawi atas asmanipun Kanjeng Nabi 'Isa, dipun lepataken kalayan cetha wonten ing wekasaning ruku' ingkang kaping kalih; lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim wonten ing ruku' ingkang kaping tiga, lan lalampahanipun para nabi sanèsipun sawatawis wonten ing ruku' ingkang kaping sakawan, kasebutaken minangka kanggé anedahaken bilih Allah tansah angutus manusa, kajumenengaken nabi-Nipun, kadhawuhaken ambangun jagad. Ngajengaken wekasaning ruku' ingkang kaping sakawan kasebutaken bilih pangandel thok, tanpa sinartan ing pandamel saé utawi katulusan, punika atanpa gina, tiyang boten angsal paédahipun kajawi manawi pangandel wau ngantos maujud dumugi ing tindak. Ruku' ingkang kaping gangsal mangandikakaken mengsah-mengsahipun para nabi ing saumumipun, déné ruku' ingkang kaping nenem mungkasi rembag bab agami Nasrani, sarana andumuk kalayan barès kurès lepatipun piwulang palsu bab Kanjeng Nabi 'Isa kaanggep putraning Allah.

Titimangsa tumurunipun

Sampun yakin bilih péranganipun surat punika ingkang wigatos piyambak, inggih punika ingkang ngandharaken lalampahanipun Siti Maryam lan Kanjeng Nabi 'Isa, punika katurunaken wonten ing Makkah jaman wiwitan, kinten-kinten ing kiwatengenipun taun ingkang kaping gangsal sasampunipun Kanjeng Nabi jumeneng utusan. Tandhanipun, pérangan wau sampun kuwaos déning sahabat Ja'far,

RUKU' 1

Nabi Zakariya lan Yahya

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

1 Anyekapi (Tuwan punika) minangka Panuntun, dhuh Ingkang-Mahawikan, Ingkang-Mahayakti.[1530]

كٓهٰيٰعٓصٓ ۟ (١)

2 Anyebutaké wilasané Pangéranira marang kawula-Né, Zakariya,

ذِكْرُ رَحْمَتِ رَبِّكَ عَبْدَهٗ زَكَرِيَّا ۚ (٢)

sesepuhipun bregada Muslimin ingkang wiwitan hijrah dhateng Habasyah, wonten ing ngarsanipun sang nata Habasyah ingkang nganggé agami Nasrani, nalika utusanipun para titiyang Quraisy ngojok-ojoki sang prabu supados nundhung para Muslimin ingkang ngungsi wau. Lalampahan punika boten saged yèn ta kalampahanipun punika nalika sapengkeripun taun ingkang kaping nem ing sasampunipun Kanjeng Nabi dados utusan, jalaran kalampahanipun hijrah wau nalika taun ingkang kaping gangsal, sarta nalika titiyang Muslimin wau angsal pangayoman wonten ing nagari ngamonca, titiyang Quraisy saya bentèr manahipun, mila sanalika lajeng ngintunaken utusan sowan dhateng sang nata Negus, kalayan sedya badhé ngawon-awon agaminipun titiyang Muslimin. Nitik punika, cetha bilih sampun wiwit ing jaman wiwitan mila, Quran medharaken panganggepipun babagan agami Nasrani, kalayan sanget anggènipun nglepataken piwulangipun ingkang mangka tatales: *Dhèwèké padha calathu: Ingkang-Mahamurah iku angalap putra: sayekti temen sira iku angucapaké tembung kang anjejemberi: mèh baé langit-langit bedhah lan bumi sigar tuwin gunung-gunung jugrug remuk* (ayat 88, 90). Pethikan dhawuh punika sampun cekap kanggé mangsuli panyukartanipun para juru-kritik Nasrani dhateng agami Islam ingkang sampun umum, inggih punika andakwa bilih sikepipun Kanjeng Nabi dhateng agami Nasrani ing pawingkingipun éwah. Boten prabéda lan anggènipun ngalembana Quran dhateng katulusanipun umat-umat, kalayan tanpa ngèngèh-ngèngèh, lah makaten ugi anggènipun andumuk wiwit-wiwitan dumugi wekasan tetep, boten éwah-éwah. Surat punika isi pèngetan bab agami Nasrani ingkang rumiyin piyambak, wujudipun boten woten bédanipun kaliyan ingkang kasebut wonten ing dhawuh ingkang tumurun ing jaman akhir (minangka conto kadosta surat ingkang kaping 5).

1530. Radi wonten bènèhipun sakedhik anggèn kula nerangaken aksara ingkang mangka pangringkesing tembung ingkang pinanggih wonten ing wiwitanipun surat punika, kaliyan adat sabenipun. Kacariyos bilih satunggal-satunggalipun aksara punika, mengku teges salah satunggaling asmanipun Pangéran. *Kâf*, punika ringkesanipun tembung *kâfi*, jawinipun: *anyekapi*; *hâ*, *hâdi*, jawinipun: *Panuntun*; *yâ*, يد ه فوق الايادى jawinipun: *Dhat ingkang kawasanipun angungkuli sadaya panguwaos*; *'ain*, *'Alîm*, jawinipun: *Mahawikan* lan *shâd*, *Shâdiq*, jawinipun: *Mahayakti* (JB, Kf, Rz). Anggèn kula negesi aksara *yâ*, radi wonten bènèhipun, inggih punika kula tegesi kadi déné aksara panguwuh, jawinipun: *dhuh*, inggih punika teges ingkang dipun rujuki déning para ngulami kanggé negesi aksara wau ingkang kasebut wonten ing wiwitanipun surat ingkang kaping 36. Saking pamanggih kula, ingkang makaten punika langkung prayogi, awit limrahipun aksara ingkang mangka pangringkesing tembung satunggal, punika wonten ing sagemblenging Quran Suci, mesthi kanggé pangringkesing tembung satunggal. Dados, aksara warni gangsal wau ateges *Anyekapi Tuwan punika minangka Panuntun, dhuh Ingkang-Mahawikan, Ingkang-Mahayakti*. Saben aksara satunggal, kanggé pangringkesing tembung satunggal.

3 Nalika dhèwèké anguwuh Pangérané kalawan swara lirih.

إِذْ نَادَىٰ رَبَّهُۥ نِدَآءً خَفِيًّا ﴿٣﴾

4 Unjuké: Pangéran kawula! Saèstu babalung kawula sampun ringkih saha sirah kawula uwanipun sampun mabluk, punapa déné, dhuh Pangéran kawula, dèrèng naté panyuwun kawula ing Tuwan muspra:

قَالَ رَبِّ إِنِّى وَهَنَ ٱلْعَظْمُ مِنِّى وَٱشْتَعَلَ ٱلرَّأْسُ شَيْبًا وَلَمْ أَكُنۢ بِدُعَآئِكَ رَبِّ شَقِيًّا ﴿٤﴾

5 Saha saèstu kawula kuwatos dhateng kulawarga kawula ing sapengker kawula, punapa déné èstri kawula punika gabug; milanipun mugi Tuwan aparing ahli waris saking ngarsa Tuwan dhateng kawula,[1531]

وَإِنِّى خِفْتُ ٱلْمَوَٰلِىَ مِن وَرَآءِى وَكَانَتِ ٱمْرَأَتِى عَاقِرًا فَهَبْ لِى مِن لَّدُنكَ وَلِيًّا ﴿٥﴾

6 Ingkang badhé amaris kawula saha amaris darahing Ya'qub, punapa déné, Pangéran kawula, mugi piyambakipun Tuwan dadosaken tiyang ingkang andadosaken pirena Tuwan.[1532]

يَرِثُنِى وَيَرِثُ مِنْ ءَالِ يَعْقُوبَ ۖ وَٱجْعَلْهُ رَبِّ رَضِيًّا ﴿٦﴾

7 O, Zakariya, sayekti Ingsun aparing warta bubungah marang sira yaiku anak lanang, jenengé Yahya; ing sadurungé iku Ingsun ora andadèkaké wong kang madhani dhèwèké.[1533]

يَٰزَكَرِيَّآ إِنَّا نُبَشِّرُكَ بِغُلَٰمٍ ٱسْمُهُۥ يَحْيَىٰ لَمْ نَجْعَل لَّهُۥ مِن قَبْلُ سَمِيًّا ﴿٧﴾

1531. Kakuwatosanipun Kanjeng Nabi Zakariya punika tuwuh margi saking kulawarganipun wau sami boten tulus gesangipun, awit saking punika panjenenganipun kuwatos, bokbilih ing sapengkeripun boten wonten ingkang nuntun umat dhateng margining katulusan.

1532. Warisan saking dharahing Ya'qub, punika warisan nugruhaning Pangéran kenabian, ingkang sampun kajanjèkaken dhateng dharahing Ya'qub.

1533. *Samî* punika ateges *tatandhinganipun* utawi *mengsahipun onjon-onjonan kamulyan* utawi *kaluhuran* (TA-LL); milanipun ugi ateges *babagipun*, utawi *saminipun* (S, M, Q, TA-LL). Tembung *samî* punika ugi kasebutaken malih wonten ing surat punika, ing ayat angka 65, sarta ugi mengku teges saminipun teges ing nginggil, dados boten ateges *nunggil nami*, awit ing ngriku ingkang kapangandikakaken bab Gusti Allah. Mesthi kémawon, dhawuh wau boten ateges, bilih tiyang ingkang kados Kanjeng Nabi Yahya utawi ingkang sababag kaliyan panjenenganipun, dèrèng naté katitahaken wonten ing ngalam donya punika (nadyan manut Mat. 11: 11 Kanjeng Nabi 'Isa sajak kagungan panganggep ingkang makaten wau, awit panjenenganipun ngandika: "Sanyata pituturku ing kowé: panunggalané kang padha lahir saka ing wadon, ora ana kang ngaton angungkuli marang Yuhanan Pambabtis"). Déné tegesipun, tiyang ingkang kados panjenenganipun, punika dèrèng naté wonten,

Ut. *bénjing punapa*
a. 419
Ar. *lan*

8 Dhèwèké munjuk: Pangéran kawula! *kados pundi* anggèn kawula badhé gadhah anak jaler,[a] *mangka* èstri kawula-gabug saha saèstu kawula piyambak sampun dumugi tataran sangeting sepuh?

قَالَ رَبِّ اَنّٰى يَكُوْنُ لِيْ غُلٰمٌ وَّ كَانَتِ
امْرَاَتِيْ عَاقِرًا وَّقَدْ بَلَغْتُ مِنَ
الْكِبَرِ عِتِيًّا ﴿٨﴾

9 Panjenengané angandika: Iya kaya mangkono iku; Pangéranira angandika: iku ingatasé Ingsun gampang, lan sayekti, sadurungé iki Ingsun wus anitahaké sira nalika sira durung ana.

قَالَ كَذٰلِكَ ۚ قَالَ رَبُّكَ هُوَ عَلَيَّ هَيِّنٌ
وَّ قَدْ خَلَقْتُكَ مِنْ قَبْلُ وَلَمْ تَكُ شَيْـًٔا ﴿٩﴾

10 Unjuké: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing tandha ing kawula. Pangandikané: Tandhanira yaiku aja sira acalathu marang manusa telung wengi, tur sajroné (sira) bagas kawarasan.[1534]

قَالَ رَبِّ اجْعَلْ لِّيْٓ اٰيَةً ۭ قَالَ اٰيَتُكَ
اَلَّا تُكَلِّمَ النَّاسَ ثَلٰثَ لَيَالٍ سَوِيًّا ﴿١٠﴾

11 Tumuli dhèwèké metu saka ing pasujudané marang kaumé, banjur amedharaké marang dhèwèké, yèn dhèwèké kudu padha Mahasucèkaké (ing Allah) ésuk lan soré.

فَخَرَجَ عَلٰى قَوْمِهٖ مِنَ الْمِحْرَابِ فَاَوْحٰٓى
اِلَيْهِمْ اَنْ سَبِّحُوْا بُكْرَةً وَّعَشِيًّا ﴿١١﴾

wonten ing antawising kulawarganipun Kanjeng Nabi Zakariya, awit kados déné ingkang kasebut ing ayat nginggilipun, ingkang dipun kuwatosaken déning Kanjeng Nabi Zakariya, kados unjukipun dhateng Pangéran wau, kulawarganipun piyambak. Awit saking punika panjenenganipun kaparingan panglipur, bilih putra kakung ingkang kajanjèkaken wau boten badhé kados warganing kulawarga sanès-sanèsipun ingkang dipun kuwatosaken wau. Utawi saged ugi tegesipun punika, tiyang ingkang kados panjenenganipun dèrèng naté wonten ing nalika jaman wau.

1534. Tembung *lail*, *dalu*, punika dipun tegesi kalebet ugi rinanipun, boten prabéda kados déné *yaum*, utawi *dinten*, punika kalebet ugi *dalunipun*. Langkung-langkung, ing 3: 40 nyebutaken *tigang dinten*, dados manawi makaten nedahaken bilih ingkang dipun karsakaken punika *tigang dinten tigang dalu*. Perlu ugi dipun pèngeti, bilih Quran boten tumut-tumut amastani bilih Kanjeng Nabi Zakariya dados bisu. *Sawiyya* punika tegesipun *bagas kasarasan*, déné anggènipun Quran anerangaken kalayan cetha, Kanjeng Nabi Zakariya kadhawuhan boten ngandikan nadyan bagas kasarasan, punika sajakipun mengku karsa ambantah cacriyosanipun Bébel. Lah ing ngriki ingkang leres Quran; ingkang nyerat Injil terang radi kalèntu ing panampi, awit sanalika dados bisu, punika rak boten wonten sambetipun kaliyan prakawis badhé kaparingan momongan putra. Miturut Quran Suci maksudipun ambisu (boten ngandikan kaliyan terang) punika supados muhung nyunyuwun dhateng Pangéran, lah inggih awit saking punika mila Kanjeng Nabi Zakariya dhawuh dhateng kaumipun supados sami mahasucèkaken Pangéran. Déné tandha wau kaparingaken dhateng panjenenganipun, minangka dhawuh wangsulaning unjukipun: *Kados pundi anggèn kula gadhah anak?* Suraosipun, manawi panjenenganipun ambisu tigang dinten tigang dalu, sarta muhung namung mahasucèkaken Pangéran kémawon ing salebetipun wekdal wau, garwanipun masthi badhé anggarbini. Kula aturi mirsani ugi 420.

12 O, Yahya, sira cekelana ing kitab kalawan santosa, sarta dhèwèké wus Ingsun paringi kawicaksanan dhèk isih bocah mula,

يٰيَحْيٰى خُذِ الْكِتٰبَ بِقُوَّةٍ ۗ وَ اٰتَيْنٰهُ الْحُكْمَ صَبِيًّا ۙ﴿۱۲﴾

13 Tuwin budi welas saka ngarsa-Ningsun apa déné kasucian, lan dhèwèké iku wong kang ngreksa (dhiriné saka ing ala).

وَّ حَنَانًا مِّنْ لَّدُنَّا وَ زَكٰوةً ۗ وَ كَانَ تَقِيًّا ۙ﴿۱۳﴾

14 Lan manèh ambangun turut marang wong tuwané loro, sarta dhèwèké iku ora gumedhé, (ora) andaga.[1535]

وَّ بَرًّا بِوَالِدَيْهِ وَ لَمْ يَكُنْ جَبَّارًا عَصِيًّا ﴿۱۴﴾

15 Lan rahayu tumrap marang dhèwèké ing dinané dilairaké lan ing dina matiné tuwin ing dinané tinangèkaké urip.

وَ سَلٰمٌ عَلَيْهِ يَوْمَ وُلِدَ وَ يَوْمَ يَمُوْتُ وَ يَوْمَ يُبْعَثُ حَيًّا ﴿۱۵﴾

RUKU' 2

Maryam sarta Nabi Isa

16 Lan anyebutna Maryam ana ing dalem Kitab, ing nalikané sumingkir saka kulawargané marang panggonan ing wétan;

وَ اذْكُرْ فِي الْكِتٰبِ مَرْيَمَ ۘ إِذِ انْتَبَذَتْ مِنْ أَهْلِهَا مَكَانًا شَرْقِيًّا ۙ﴿۱۶﴾

17 Banjur anjupuk kukudhung (kanggo ngaling-alingi awaké) saka ing dhèwèké; tumuli Ingsun angutus *ruh-Ingsun* marang dhèwèké sarta amindha wong lanang kang becik ing rupa marang dhèwèké.[1536]

Ut. *timbalan-Ingsun*

فَاتَّخَذَتْ مِنْ دُوْنِهِمْ حِجَابًا ۚ فَأَرْسَلْنَآ إِلَيْهَا رُوْحَنَا فَتَمَثَّلَ لَهَا بَشَرًا سَوِيًّا ﴿۱۷﴾

1535. Para ingkang mastani, bilih ngemungaken Kanjeng Nabi 'Isa piyambak ingkang suci ing dosa, punika samia manah saèstu bubudénipun Kanjeng Nabi Yahya ingkang kasebutaken wau sadaya. Kanjeng Nabi Yahya punika suci-mulus lan suci ing dosa tuwin boten naté andaga ing Allah. Wonten ing panggènan pundi kémawon, Kanjeng Nabi 'Isa boten naté kaalembana langkung saking samanten. Menggah ing sajatos-jatosipun dhawuh pangandika punika anedahaken, bilih cacak sadhéngah nabi, punika mesthi mulus tuwin suci ing dosa saha boten naté andaga ing Allah.

1536. Punika anedahaken, bilih rawuhipun malaikat punika wonten ing dalem luyut, sarta sual-jawabipun kaliyan Siti Maryam, punika kalampahanipun inggih wonten ing dalem luyut. Tembung *tamatstsala* ingkang kagem wonten ing ngriki punika ngiyataken paham punika, awit tembung *tamatstsala* makaten ateges *mindha-mindha kados rupinipun barang sanès*, sarta punika kalampahan

18 Calathuné: Saèstu kula angungsi dhateng Ingkang-Mahamurah saking sampéyan, manawi sampéyan punika tiyang ingkang anjagi (dhiri saking awon).

قَالَتْ إِنِّىٓ أَعُوذُ بِٱلرَّحْمَٰنِ مِنكَ إِن كُنتَ تَقِيًّا ﴿١٨﴾

19 Calathuné: “Kula punika ngemungaken utusanipun Pangéran sampéyan”: Supaya Ingsun amaringi anak lanang suci marang sira.[1537]

قَالَ إِنَّمَآ أَنَا۠ رَسُولُ رَبِّكِ لِأَهَبَ لَكِ غُلَٰمًا زَكِيًّا ﴿١٩﴾

20 Calathuné: Kados pundi anggèn kawula badhé gadhah anak,
Ar. *sarta* *awit* boten naté wonten tiyang
a. 427 ingkang anggrayang kula,[a] punapa malih boten naté kula alampah ngiwa?

قَالَتْ أَنَّىٰ يَكُونُ لِى غُلَٰمٌ وَلَمْ يَمْسَسْنِى بَشَرٌ وَلَمْ أَكُ بَغِيًّا ﴿٢٠﴾

21 Calathuné: Inggih kados makaten punika; Pangéran sampéyan ngandika: Iku ingatasé Ingsun gampang, lan amrih Ingsun andadèkaké dhèwèké dadi tandha tumrap para manusa sarta wilasa saka Ingsun; lan iku prakara kang wus tinamtu.

قَالَ كَذَٰلِكِ قَالَ رَبُّكِ هُوَ عَلَىَّ هَيِّنٌ ۖ وَلِنَجْعَلَهُۥٓ ءَايَةً لِّلنَّاسِ وَرَحْمَةً مِّنَّا ۚ وَكَانَ أَمْرًا مَّقْضِيًّا ﴿٢١﴾

Ar. *dhèwèké* 22 Tumuli *Maryam* angandheg
dhèwèké; banjur sumingkir kala-
Ar. *dhèwèké* wan *wetengané* marang panggonan kang adoh.

فَحَمَلَتْهُ فَٱنتَبَذَتْ بِهِۦ مَكَانًا قَصِيًّا ﴿٢٢﴾

---

wonten ing dalem luyut. Bab prakawis punika inggih terang, nadyan teges limrah ingkang kasebutaken wonten ing margin punika ingkang dipun anggé, awit ruh utawi malaikatipun Allah makaten, ngatingalipun dhateng kawula-Nipun ingkang pinilih, ngemungaken wonten ing dalem luyut, sarta malaikat punika boten saged tiningalan sarana mripat wadhag.

1537. Kedah dipun pèngeti, ing ngriki Kanjeng Nabi ‘Isa punika sinebut *gulâm*, inggih punika *laré*, boten kasebut *kalimah* (*sabda*) utawi *ruh* (*timbalan*), salajengipun piweca badhé wiyosipun Kanjeng Nabi ‘Isa ingkang kaparingaken dhateng Siti Maryam, kasebutaken kalayan jlèntrèh. Ingkang makaten punika anedahaken kalayan terang, bilih tembung *kalimah* utawi *ruh* ingkang kasebutaken ing panggènan sanès, punika boten wonten malih tegesipun kajawi namung ateges *piweca*, déné Kanjeng Nabi ‘Isa punika boten sanès kajawi laré limrah. Dhawuh ingkang mungel: *Ingsun amaringi anak lanang suci marang sira*, punika ungelipun wahyu, dados ingkang nyabdakaken tetembungan wau Gusti Allah. Iketan ukara kados makaten punika, inggih punika saayat ingkang sapérangan kawarna kadhawuhaken déning malaikat, sapérangan malih kalugokaken sabdanipun Allah, punika ugi kagem wonten ing ayat angka 21; ing ngriku dhawuh ingkang mungel: *lan amrih Ingsun andadèkaké dhèwèké dadi tandha*, punika sajakipun kaucapaken déning malaikat, nanging sajatosipun punika dhawuhipun Pangéran.

فَأَجَآءَهَا ٱلْمَخَاضُ إِلَىٰ جِذْعِ ٱلنَّخْلَةِ ۚ
قَالَتْ يَٰلَيْتَنِى مِتُّ قَبْلَ هَٰذَا وَكُنتُ
نَسْيًا مَّنسِيًّا ﴿٢٣﴾

23 Banjur anglarani, kepeksa marani wit kurma.[1538] calathuné: Dhuh, mbok aku iki mati baé sadurungé iki, sarta dadia barang kang *wis ora kocap*![1539]

Ar. *banget linalèkaké*

فَنَادَىٰهَا مِن تَحْتِهَآ أَلَّا تَحْزَنِى قَدْ
جَعَلَ رَبُّكِ تَحْتَكِ سَرِيًّا ﴿٢٤﴾

24 Tumuli (ana swara) anguwuh dhèwèké saka ing sangisoré: Sampun sampéyan susah, saèstu Pangéran sampéyan sampun angilèkaken wangan ing sangandhap sampéyan.

وَهُزِّىٓ إِلَيْكِ بِجِذْعِ ٱلنَّخْلَةِ تُسَٰقِطْ
عَلَيْكِ رُطَبًا جَنِيًّا ﴿٢٥﴾

25 Sarta wit kurma punika sampéyan rog dhateng (panggènan) sampéyan; punika badhé angrentahaken kurma mateng ingkang seger dhateng sampéyan.

فَكُلِى وَٱشْرَبِى وَقَرِّى عَيْنًا ۖ فَإِمَّا
تَرَيِنَّ مِنَ ٱلْبَشَرِ أَحَدًا فَقُولِىٓ إِنِّى
نَذَرْتُ لِلرَّحْمَٰنِ صَوْمًا فَلَنْ أُكَلِّمَ
ٱلْيَوْمَ إِنسِيًّا ﴿٢٦﴾

26 Milanipun sampéyan nedha sarta sampéyan ngombé tuwin sampéyan asrep-asrep mripat (sampéyan); samangsa sampéyan sumerep satunggaling tiyang lajeng sampéyan wicanteni: Saèstu kula nadar siyam dhateng Ingkang-Mahamurah, milanipun ing dinten punika kula badhé boten wicanten dhateng titiyang.

1538. Punika anedahaken, bilih nalika Siti Maryam ambabaraken Kanjeng Nabi ‘Isa punika wonten ing salebetipun lalampah (wonten ing purug); milanipun toya lan tedha ingkang kasebutaken ing ayat 24 saha ayat 25, punika namung ing sawontenipun kémawon, sakadar ingkang saged dipun panggih déning tiyang ingkang saweg kekésahan. Ayat 22 nyebutaken bilih panjenenganipun tindakan ngantos tebih. Saged ugi anggènipun Siti Maryam murugi wit kurma punika badhé ngupados uwat-uwat nalika nyakiti badhé ambabaraken putra.

1539. Punika anedahaken, bilih nalika Siti Maryam ambabaraken Kanjeng Nabi ‘Isa punika manut kawontenan ing salimrahipun, boten prabéda kaliyan tiyang èstri sanès-sanèsipun manawi nglahiraken jabang bayi. Nalika Siti Maryam nyakiti wau, sakalangkung rekaos milanipun ngantos kawedal pasambatipun ingkang makaten wau. Anggènipun Siti Maryam nyakiti ndadak kasebutaken, punika cetha manawi mengku suraos ingkang anedahaken, bilih ingkang badhé lahir punika laré limrah, dados minangka anduwa ing sadèrèngipun, ing bab kapangérananipun Kanjeng Nabi ‘Isa. Utawi saged ugi punika mengku suraos nyebutaken ungeling Purwaning Dumados 3: 16, *kalawan rekasa anggonira bakal duwé anak.* Dipun suraosa kados pundi kémawon, inggih punika anedahaken kalayan terang, bilih wiyosipun Kanjeng Nabi ‘Isa punika tanpa sinartan kawontenan ingkang boten ing salimrahipun, sarta anggènipun ingkang ibu ambabaraken panjenenganipun punika sacara limrah, dados anggènipun kabobotaken inggih boten sanès kajawi kados déné adat lampahipun kudrat.

Ut. *nekakaké barang kang élok* Ut. *nekakaké Ahli panggorohan*	27 Banjur, karo dhèwèké, (Maryam) tumeka marang kula-wangsané, dhèwèké ginawa.[1540] Padha calathu: É, Maryam, temen kowé iki wis anglakoni *sawijining barang kang élok*:[1541]	فَأَتَتْ بِهِ قَوْمَهَا تَحْمِلُهُ ۖ قَالُوا يَا مَرْيَمُ لَقَدْ جِئْتِ شَيْئًا فَرِيًّا ۝٢٧

1540. Sual-jawab ingkang kasebutaken wonten ing ayat-ayat sambetipun ayat punika, punika sampun saged anélakaken piyambak kanthi cetha, bilih rawuhipun Siti Maryam kaliyan ingkang putra dhateng kaumipun, kados déné ingkang kasebutaken wonten ing ayat punika, punika sampun nalika jaman sasampunipun Kanjeng Nabi ‘lsa kajumenengaken dados nabi, sarta sampun kaparingan wahyuning Pangéran ingkang awujud kitab (awit ing ayat 30 kasebutaken panjenenganipun ngandika manawi sampun kaparingan kitab). Dupèh ayat punika dados candhakipun ayat ingkang mangandikakaken wiyosipun Kanjeng Nabi ‘lsa, para mufassir lajeng sami anyuraos, bilih kalampahanipun punika nalika Kanjeng Nabi ‘lsa taksih timur (bayi). Nanging dipun èngetana, bilih Quran Suci boten anjlentrèhaken cariyos punika ngantos dumugi riricikanipun pisan. Asring kémawon Quran Suci nglangkungi (boten nyariyosaken) lalampahan warni-warni, manawi boten kakarsakaken kanggé anjangkepi maksud ingkang saweg kadhawuhaken. Minangka tuladha, kula aturi mirsani ayat angka 11 1an 12. Ayat 11 namung nerangaken anggènipun Kanjeng Nabi Zakariya nampèni pawartos bibingah badhé kaparingan putra; ayat 12 andhawuhaken dhateng “anak” wau supados acecepengan Kitab kalayan santosa. Manawi ayat ingkang saweg karembag punika dipun suraos bilih nalika Kanjeng Nabi ‘lsa kabekta déning ingkang ibu dhateng kaumipun punika sami sanalika ing sasampunipun kawiyosaken, lan sasampunipun sami sanalika yuswa tigangdasa tiga taun kanthi dadakan, perlu badhé angundhangaken anggènipun kajumenengaken dados nabi, pancènipun rak inggih nama mantuk ing nalar, manawi ayat 11an 12 wau ugi dipun suraos, bilih nalika Kanjeng Nabi Yahya kawiyosaken punika sampun “dados tiyang,” tiyang sepuh (tur sami sanalika ing sasampunipun piweca kaparingakaken). Nalika Kanjeng Nabi ‘Isa ngandika bilih kajumenengaken dados nabi, punika mesthi ing sasampunipun kenyatan saèstu panjenenganipun tinanggenah ing wajib nindakaken pakaryanipun nabi. Sadèrèngipun punika, mesthi botenipun panjenenganipun ngandika kajumenengaken dados nabi. Malih, dhawuh pangandikanipun Kanjeng Nabi ‘Isa dhateng kaumipun kados déné ingkang kasebutaken ing ayat 30 lan 31, punika anedahaken kalayan cetha, bilih panjenenganipun pranyata sampun tinanggenah ing wajib makarya dados nabi. Saya boten mèmper malih manawi kakinten, bilih boten let dangu kaliyan anggènipun Siti Maryam ambabaraken ingkang putra wau, ingkang putra lajeng dipun pamèr-pamèraken dhateng kaumipun. Quran piyambak anyebutaken, inggih punika wonten ing ayat angka 22, bilih ing wekdal wau punika Siti Maryam saweg tindakan dhateng sawenèh panggènan ingkang tebih, dados lalampahan ingkang kacariyosaken wonten ing ngriki, punika boten saged yèn ta kalampahanipun punika sanalika sasampunipun babaran. Lah manawi lalampahan punika saged kalampahan sasampunipun let sataun, rak inggih sogad-saged kémawon ta manawi kalampahanipun punika ing sasampunipun let tigangdasa taun? Tembung *anggawa*, punika boten anedahaken bilih Siti Maryam ambekta ingkang putra wau wonten ing sariranipun (ngemban, mondhong anggèndhong lan sasaminipun), wangsul ateges ambekta katumpakaken ing kéwan tutumpakan. Kula aturi mirsani 9: 92, ing ngriku kapangandikakaken, bilih wonten sawenèh sahabat sowan ing Kanjeng Nabi wigatos nyuwun dipun bektaa; salajengipun Kanjeng Nabi maringi wangsulan, bilih panjenenganipun boten kagungan barang (inggih punika tutumpakan) ingkang badhé kanggé ambekta sahabat-sahabat wau.

1541. Teges kados kalimrahanipun tiyang manawi negesi tembung لقد جئت شيئا فريا kula lastantunaken, nanging ing margin kula sukani tegesipun sanès tembung wau. Manawi teges ingkang limrah punika ingkang dipun anggé, ingkang dipun kajengaken Siti Maryam *nglakoni* (utawi, *nekakaké*) *sawijining barang kang èlok*, punika saged ugi anggènipun sampun ambabaraken putra, ingkang ngaken nyepeng panguwaos langkung ageng katimbang para pinisepuh Israil, kalayan mengku pasemon ingkang langkung lebet inggih punika pandalih dhateng Siti Maryam; kula aturi mirsani 644 (4: 156). Nanging rèhning tembung *fariyya* punika terang manawi gadhah teges *tukang damel gogorohan*, milanipun teges satunggalipun ingkang kasebut ing margin wau langkung cocog kaliyan suraosing pangandika ing ngandhap lan ing nginggilipun, sarta manawi manut teges punika, dhawuh

28 É, sadulur wadoné Harun![1542] ramamu iku dudu wong ala, sarta ibumu dudu wong alaku ngiwa!

يَٰٓأُخۡتَ هَٰرُونَ مَا كَانَ أَبُوكِ ٱمۡرَأَ سَوۡءٖ وَمَا كَانَتۡ أُمُّكِ بَغِيّٗا ٢٨

Ar. *dhèwèké*

29 Ananging *Maryam* anyasmitani (supaya) marang dhèwèké. Padha calathu: kapriyé anggonku padha calathu marang *bocah wingi soré*?[1543]

Ar. *wong kang isih bocah, mauné ana ing bandhulan*

فَأَشَارَتۡ إِلَيۡهِۖ قَالُواْ كَيۡفَ نُكَلِّمُ مَن كَانَ فِي ٱلۡمَهۡدِ صَبِيّٗا ٢٩

30 Calathuné: Saèstu kula punika kawulaning Allah; Panjenengané sampun aparing Kitab dhateng kula sarta sampun andadosaken nabi ing kula:[1544]

قَالَ إِنِّي عَبۡدُ ٱللَّهِ ءَاتَىٰنِيَ ٱلۡكِتَٰبَ وَجَعَلَنِي نَبِيّٗا ٣٠

---

wangsulanipun Kanjeng Nabi ‘Isa wau lajeng saged mantuk sanget, awit manawi titiyang Yahudi mastani panjenenganipun tukang damel gogorohan, nama sampun wajibipun panjenenganipun anduwa pandalih wau, inggih punika kalayan angandika bilih panjenenganipun punika nabi. Kajawi punika wonten ing dalem dhawuh wangsulanipun wau, Kanjeng Nabi ‘Isa boten ngandikakaken punapa bab kawontenaning wiyosipun. Awit saking punika, menggahing panyuraos langkung mantuk, bilih maksud ingkang kawengku ing wicantenipun titiyang Yahudi wau (nadyan teges ingkang pundi kémawon ingkang dipun anggé), punika bab prakawis kenabianipun Kanjeng Nabi ‘Isa, sanès kawontenan ingkang magepokan kaliyan wiyosipun.

1542. Margi kirang jembar seserepanipun basa Arab, sawenèh tiyang ingkang kados déné tuwan Rodwell, amastani bilih punika cacriyosan ingkang worsuh (*anakhronism*). Kados déné ingkang sampun katerangaken ing 412, Siti Maryam punika kagolong kulawangsa pandhita. Tuwan Wherry ugi angakeni punika, “awit panjenenganipun punika trahipun kulawongsa Lewi (tandhanipun, panjenenganipun wau taksih wonten aluranipun kaliyan Elizabeth). Awit saking punika, panjenenganipun sinebut *ukhta Hârûn*, utawi *sadulur-wadoné Harun* punika sampun satrepipun. Tembung *ukht* (*sadulur-wadon*) ing basa Arab punika tegesipun boten winates kados wontenipun ing basa Jawi; kateranganipun ingkang langkung panjang kula aturi mirsani 412. IJ ngriwayataken lalampahan ing ngandhap punika: *Shafiyyah* (garwanipun Kanjeng Nabi) sowan ing Kanjeng Rasul saw. sarta matur: “Titiyang èstri sami cariyos dhateng kula, sawijining wong wadon Yahudi, anaké wadon wong Yahudi loro.” Kanjeng Nabi lajeng ngandika dhateng ingkang garwa wau: “Généa kowé ora muni: Sayekti bapakku iku Nabi Harun, pamanku Nabi Musa lan bojoku Nabi Muhammad?” Lalampahan punika anedahaken kalayan terang, bilih sok tiyanga èstri ingkang kagolong bangsa Yahudi, punika katembungaken wonten aluranipun ingkang celak kaliyan Kanjeng Nabi Harun lan Kanjeng Nabi Musa.

1543. Ngulami Yahudi ingkang sepuh-sepuh, mesthi kémawon mastani laré nèm-nèman ingkang kalahiraken lan kagulawenthah wonten ing sangajenging mripatipun punika namung kados déné *tiyang ingkang kalawingènipun sonten taksih wonten ing bandhulan*. Ing semu sajak camah yèn ta sami lalawanan rembag kaliyan tiyang ingkang taksih taruna wau. Perlu dipun pèngeti, para pinisepuh Yahudi wau anggènipun mastani Kanjeng Nabi ‘Isa: wong kang mauné bocah ana ing bandulan, boten: dados bayi kang isih ana ing bandulan.

1544. Terang, bilih bawa-raos punika kalampahanipun boten kok nalika Kanjeng Nabi ‘lsa taksih timur (bayi) wonten ing bandhulan, nanging nalika panjenenganipun sampun kajumenengaken dados nabi saèstu, awit panjenenganipun piyambak ngandikakaken ingkang makaten wau, liripun: panjenenganipun boten ngandikakaken badhé kajumenengaken dados nabi, nanging sampun kajumenengaken dados nabi. Mangka ingkang makaten wau sagedipun namung manawi panjenenganipun sampun yuswa.

31 Tuwin Panjenenganipun andadosaken kula (tansah) binarkahan wonten ing pundi kémawon panggènan kula, saha Panjenenganipun andhawuhi salat tuwin zakat ing kula salaminipun kula gesang:[1545]

وَّجَعَلَنِيْ مُبٰرَكًا اَيْنَ مَا كُنْتُ ۠ وَاَوْصٰنِيْ بِالصَّلٰوةِ وَالزَّكٰوةِ مَا دُمْتُ حَيًّا ۖ ﴿۳۱﴾

32 Punapa déné bekti dhateng ibu kula, saha Panjenenganipun boten andadosaken kula dados gumedhé, cilaka:[1546]

وَّبَرًّا بِوَالِدَتِيْ ۟ وَلَمْ يَجْعَلْنِيْ جَبَّارًا شَقِيًّا ﴿۳۲﴾

33 Sarta rahayu tetep dhateng kula ing dintenipun kula dipun lairaken tuwin ing dinten pejah kula punapa déné ing dintenipun kula dipun tangèkaken gesang.

وَالسَّلٰمُ عَلَيَّ يَوْمَ وُلِدْتُّ وَيَوْمَ اَمُوْتُ وَيَوْمَ اُبْعَثُ حَيًّا ﴿۳۳﴾

34 Mangkono iku ‘Isa, anak lanangé Maryam; (iki) pangucap kang bener, kang ing kono dhèwèké padha pradondi.

ذٰلِكَ عِيْسَى ابْنُ مَرْيَمَ ۚ قَوْلَ الْحَقِّ الَّذِيْ فِيْهِ يَمْتَرُوْنَ ﴿۳۴﴾

35 Ora pisan mungguh tumraping Allah yèn ta Panjenengané amundhuta putra. Mahasuci Panjenengané! samangsa Panjenengané amutus sawijining prakara, iku Panjenengané mung mangandikak-
a. 163 aké baé: Anaa, tumuli iku ana.[a]

مَا كَانَ لِلّٰهِ اَنْ يَّتَّخِذَ مِنْ وَّلَدٍ ۙ سُبْحٰنَهٗ ۗ اِذَا قَضٰۤى اَمْرًا فَاِنَّمَا يَقُوْلُ لَهٗ كُنْ فَيَكُوْنُ ﴿۳۵﴾

1545. Kalèntu manawi kakinten, bilih nalika salat lan zakat kadhawuhaken dhateng Kanjeng Nabi ‘Isa punika nalika panjenenganipun saweg yuswa sadinten, sarta inggih boten leres manawi kakinten, bilih panjenenganipun nindakaken dhawuh-dhawuh wau nalika taksih yuswa samanten wau. Menggah ing sajatos-jatosipun, nitik dhawuh wangsulanipun Kanjeng Nabi ‘Isa wau, tétéla manawi ing nalika punika panjenenganipun medhar sabda dhateng kaumipun ing sasampuning panjenenganipun tinanggenah ing wajib nindakaken pakaryan kenabian; sarta satembung kémawon panjenenganipun boten nerangaken, bilih panjenenganipun pranyata kawiyosaken tanpa lantaran rama.

1546. Ing ngriki namung ingkang ibu ingkang kasebutaken, mangka ingkang tumrap Kanjeng Nabi Yahya wonten ing ayat 14, kasebutaken, bilih panjenenganipun bekti dhateng tiyang sepuhipun kakalih. Ingkang makaten punika saged ugi margi Yusuf sampun séda nalika Kanjeng Nabi ‘Isa ngandika makaten wau. Nalika Yusuf anggarwa Siti Maryam, punika Yusuf sampun sepuh sanget, dalasan ing Injil sekawan, panjenenganipun punika sampun boten kocap nalika jaman Kanjeng Nabi ‘Isa wiwit makarya, déné ingkang kocap namung ibunipun lan sadhèrèk-sadhèrèkipun. Utawi saged ugi anggènipun namung ingkang ibu ingkang dipun sebutaken, punika margi Injil sekawan nerangaken lalampahan ingkang nedahaken bilih Kanjeng Nabi ‘Isa kasar tandukipun dhateng ingkang ibu (Mat 12:48), lah ayat punika ambrastha pratélan ingkang kados makaten wau, awit sawenèh saking maksudipun Quran, punika nucèkaken Kanjeng Nabi ‘Isa saking sawarnining pandalih palsu.

36 Lan sayekti Allah iku Pangéranku lan Pangéranmu; mulané padha angabdia ing Panjenengané; iki dalan kang bener.[1547]

وَإِنَّ اللَّهَ رَبِّي وَرَبُّكُمْ فَاعْبُدُوهُ ۚ هَٰذَا صِرَاطٌ مُسْتَقِيمٌ ﴿٣٦﴾

37 Ananging para papanthan saka ing antarané, padha apasulayan; lah cilaka tumrap kang padha angafiri, saking déning anané ing dina kang agung.

فَاخْتَلَفَ الْأَحْزَابُ مِنْ بَيْنِهِمْ ۖ فَوَيْلٌ لِلَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ مَشْهَدِ يَوْمٍ عَظِيمٍ ﴿٣٧﴾

38 Iba ta cethané bakal anggoné padha krungu, lan iba ta cethané bakal anggoné padha weruh, ing dina nalikané dhèwèké padha séba marang Ingsun; ananging para atindak dudu, ing dina iki, padha dumunung ing sasar kang wèwèntèhan.

أَسْمِعْ بِهِمْ وَأَبْصِرْ يَوْمَ يَأْتُونَنَا ۖ لَٰكِنِ الظَّالِمُونَ الْيَوْمَ فِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ﴿٣٨﴾

39 Lan padha sira pépélingana marang dinané gegetun kang abanget,[1548] nalikané prakara wus pinutus; lan (samengko) dhèwèké padha ana ing sajroning léna sarta padha ora angèstu.

وَأَنْذِرْهُمْ يَوْمَ الْحَسْرَةِ إِذْ قُضِيَ الْأَمْرُ وَهُمْ فِي غَفْلَةٍ وَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٣٩﴾

40 Sayekti Ingsun amaris bumi dalah sapa kang ana ing kono, lan marang Ingsun anggoné bakal padha dibalèkaké.

إِنَّا نَحْنُ نَرِثُ الْأَرْضَ وَمَنْ عَلَيْهَا وَإِلَيْنَا يُرْجَعُونَ ﴿٤٠﴾

RUKU' 3

Kanjeng Nabi Ibrahim

41 Lan anyebutna Ibrahim ana ing dalem Kitab; sayekti dhèwèké iku wong temen, sawijining Nabi.

وَاذْكُرْ فِي الْكِتَابِ إِبْرَاهِيمَ ۚ إِنَّهُ كَانَ صِدِّيقًا نَبِيًّا ﴿٤١﴾

1547. Miturut Injil Mattheus, nalika Kanjeng Nabi 'Isa kagodha ing sétan, ingkang ngajani panjenenganipun supados manembah dhateng piyambakipun, dhawuh wangsulanipun Kanjeng Nabi 'Isa: "Wusana katulisan mangkéné: Pangéran Allahira kang dadi sesembahanira, lan aja ngabekti marang liyané" (Mat. 4: 10).

1548. Siksa ingkang wonten ing panggènan sanès ing dalem Quran sinebut latu, wonten ing ngriki winastan *hasrah* utawi *gegetun* kang abanget, sarta punika asring sanget katerangaken wonten ing Quran Suci minangka bebahanipun para ingkang nindakaken pandamel awon.

i.p. *Ibrahim* a. 790

42 Nalikané *dhèwèké* acalathu marang tutuwané:[a] Dhuh sesepuh kula! punapaa déné sampéyan manembah barang ingkang boten saged mireng sarta boten saged ningali tuwin boten makantuki punapa-punapa ing sampéyan:

إِذْ قَالَ لِأَبِيهِ يَٰٓأَبَتِ لِمَ تَعْبُدُ مَا لَا
يَسْمَعُ وَلَا يُبْصِرُ وَلَا يُغْنِى عَنكَ شَيْـًٔا ﴿٤٢﴾

43 Dhuh sesepuh kula! saèstu, kawruh sampun dhumateng ing kula, ingkang boten dhumateng ing sampéyan; milanipun sampéyan manut kula, kula badhé nuntun sampéyan ing margi ingkang leres:

يَٰٓأَبَتِ إِنِّى قَدْ جَآءَنِى مِنَ ٱلْعِلْمِ مَا لَمْ
يَأْتِكَ فَٱتَّبِعْنِىٓ أَهْدِكَ صِرَٰطًا سَوِيًّا ﴿٤٣﴾

Ut. *wang-kot*

44 Dhuh sesepuh kula! sampun sampéyan angawula sétan; saèstu sétan punika *boten ambangun turut* dhateng ingkang-Mahamurah:

يَٰٓأَبَتِ لَا تَعْبُدِ ٱلشَّيْطَٰنَ ۖ إِنَّ ٱلشَّيْطَٰنَ
كَانَ لِلرَّحْمَٰنِ عَصِيًّا ﴿٤٤﴾

Ar. *anggra-yang*

45 Dhuh sesepuh kula! Saèstu kula punika nguwatosaken, manawi siksa saking Ingkang-Mahamurah *andhawahi* sampéyan, mangké mindhak sampéyan dados mitra-ning sétan.

يَٰٓأَبَتِ إِنِّىٓ أَخَافُ أَن يَمَسَّكَ عَذَابٌ
مِّنَ ٱلرَّحْمَٰنِ فَتَكُونَ لِلشَّيْطَٰنِ وَلِيًّا ﴿٤٥﴾

Ar. *nglu-nganana aku*

46 Calathuné: Apa wis mléngos kowé iku saka ing sesembahanku, o, Ibrahim? Manawa kowé ora marèni, amasthi kowé bakal dak bandhemi, lan *lungaa saka ing kéné* di nganti lawas.

قَالَ أَرَاغِبٌ أَنتَ عَنْ ءَالِهَتِى يَٰٓإِبْرَٰهِيمُ ۖ
لَئِن لَّمْ تَنتَهِ لَأَرْجُمَنَّكَ ۖ وَٱهْجُرْنِى مَلِيًّا ﴿٤٦﴾

a. 9: 144

47 Calathuné: Rahayu dhumawaha ing sampéyan; kula badhé nyuwunaken pangapunten sampéyan ing Pangéran kula;[a] saèstu, Panjenenganipun punika pancèn tresna dhateng kula:

قَالَ سَلَٰمٌ عَلَيْكَ ۖ سَأَسْتَغْفِرُ لَكَ رَبِّىٓ ۖ
إِنَّهُۥ كَانَ بِى حَفِيًّا ﴿٤٧﴾

Ut. *susuwun*

48 Lan kula badhé angésahi sampéyan tuwin barang ingkang sampéyan *sebuti* sanèsipun Allah,

وَأَعْتَزِلُكُمْ وَمَا تَدْعُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ

Ut. *anuwun ing*

sarta kula badhé *anyebut* Pangéran kula; manawi-manawi boten badhé kojur anggèn kula nunuwun ing Pangéran kula.

وَأَدْعُوا رَبِّي عَسَىٰ أَلَّا أَكُونَ بِدُعَاءِ رَبِّي شَقِيًّا ﴿٤٨﴾

Ar. *dhèwèké*

49 Bareng wis anglungani dhèwèké (kabèh) dalah sesembahané kang dudu Allah, Ingsun aparing marang *Ibrahim*: Ishaq lan Ya'qub, sarta kabèh Ingsun dadèkaké nabi.[1549]

فَلَمَّا اعْتَزَلَهُمْ وَمَا يَعْبُدُونَ مِن دُونِ اللَّهِ وَهَبْنَا لَهُ إِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ ۖ وَكُلًّا جَعَلْنَا نَبِيًّا ﴿٤٩﴾

Lugunipun: *lisaning yakti*

50 Apa déné ingsun aparing marang dhèwèké kabèh arupa wilasa-Ningsun sarta (ing sapungkuré) Ingsun andadèkaké *pocapan kang nyata* aluhur tumrap marang dhèwèké.[1550]

وَوَهَبْنَا لَهُم مِّن رَّحْمَتِنَا وَجَعَلْنَا لَهُمْ لِسَانَ صِدْقٍ عَلِيًّا ﴿٥٠﴾

RUKU' 4

Para Nabi sanèsipun

51-53. Nabi Musa lan Harun. 54, 55. Nabi Ismail. 56, 57. Nabi Idris. 58, 59. Katurunan ingkang awon. 60-63. Ingkang tobat angsal gesang langgeng. 64, 65. Wahyuning Kanjeng Nabi.

51 Lan nyebutna Musa ana ing dalem Kitab; sayekti dhèwèké iku wong kang sinucèkaké, sarta utusan, nabi.[1551]

وَاذْكُرْ فِي الْكِتَابِ مُوسَىٰ ۚ إِنَّهُ كَانَ مُخْلَصًا وَكَانَ رَسُولًا نَّبِيًّا ﴿٥١﴾

1549. Wonten ing panggènan sanès sampun kacethakaken, bilih Kanjeng Nabi Ya'qub punika kaleres wayahipun (11: 71; 21: 72). Sampun kakinten manawi tembung aparing punika namung ateges maringi anak kémawon, awit ing ayat-ayat candhakipun, Kanjeng Nabi Musa kapangandikakaken: *dhèwèké Ingsun paringi miyos saka wilasa-Ningsun, saduluré, Hârûn, sawijining nabi*, sanajan ta Kanjeng Nabi Harun punika langkung sepuh katimbang Kanjeng Nabi Musa.

1550. Tegesipun ingkang wantah جَعَلْنَا لَهُمْ لِسَانَ صِدْقٍ عَلِيًّا punika: *Ingsun andadèkaké lisaning yakti kang aluhur tumrap marang dhèwèké*. Nanging rèhning lisan punika pirantos ingkang kanggé medharaken ginem, milanipun lisana *sidqin* punika lajeng ateges *pocapan kang nyata*. Satunggaling nabi, punika nadyan kados punapa kémawon pasajaning sugengipun, wonten ing antawising turunan ingkang kantun-kantun, mesthi kaluhuraken. Nanging sifatipun nabi ingkang miyambaki, inggih punika cathetaning kaluhuranipun punika mesthi nyata.

1551. *Rasul*, utawi *utusan*, punika tegesipun: *tiyang ingkang kautus kalayan ngampil ayahan* kanggé ambangun utawi andandosi manusa. Déné *nabi*, cara Jawi inggih *nabi*, punika *tiyang ingkang kaparingan nubuwat*, inggih punika tiyang ingkang kaparingan *naba'* utawi *pawartos* saking nginggil. Déné mila tiyang unusan ingkang kapiji ambangun ing para manusa kasebut nabi, punika margi panjenenganipun kaparingan ngélmu déning Gusti Allah, sarta kasebut *rasul* utawi *utusan*, punika margi panjenenganipun andhatengaken ayahan ingkang kaampil dhateng manusa.

52 Lan dhèwèké Ingsun timbali saka èrèng-èrènging gunung kang binarkahan, sarta ingsun parekaké, awawan sabda (karo Ingsun).

وَنَادَيْنٰهُ مِنْ جَانِبِ الطُّوْرِ الْاَيْمَنِ وَقَرَّبْنٰهُ نَجِيًّا ﴿٥٢﴾

53 Lan dhèwèké Ingsun paringi, miyos saka wilasa-Ningsun, sadulurè, Harun, sawijining nabi.

وَوَهَبْنَا لَهٗ مِنْ رَّحْمَتِنَآ اَخَاهُ هٰرُوْنَ نَبِيًّا ﴿٥٣﴾

54 Lan anyebutna Ismail ana ing dalem Kitab; sayekti dhèwèké iku setya ing janji, sarta dhèwèké iku utusan, nabi.[1552]

وَاذْكُرْ فِي الْكِتٰبِ اِسْمٰعِيْلَ ۚ اِنَّهٗ كَانَ صَادِقَ الْوَعْدِ وَكَانَ رَسُوْلًا نَّبِيًّا ﴿٥٤﴾

55 Lan dhèwèké amaréntahi kulawargané salat lan awèh zakat, sarta dhèwèké iku, ing ngarsaning Pangérané, wong kang *kinarilan*.

Ut. *dadi pirena*

وَكَانَ يَأْمُرُ اَهْلَهٗ بِالصَّلٰوةِ وَالزَّكٰوةِ ۖ وَكَانَ عِنْدَ رَبِّهٖ مَرْضِيًّا ﴿٥٥﴾

56 Lan anyebutna Idris ana ing dalem Kitab; sayekti dhèwèké iku wong temen, nabi.

وَاذْكُرْ فِي الْكِتٰبِ اِدْرِيْسَ ۚ اِنَّهٗ كَانَ صِدِّيْقًا نَّبِيًّا ﴿٥٦﴾

57 Sarta dhèwèké Ingsun unggahaké marang *papan* kang luhur.[1553]

Ut. *darajat, kahanan*

وَّرَفَعْنٰهُ مَكَانًا عَلِيًّا ﴿٥٧﴾

1552. Para titiyang Nasrani sami gadhah panganggep, bilih kenabian punika angemungaken kawaris déning Iskak lan turun-turunipun. Nanging Bébel inggih anjanjèkaken dhateng Isma'il, boten prabéda lan dhateng Iskak. Nalika Kanjeng Nabi Ibrahim nyunyuwun dhateng Pangéran: "mugi Isma'il kalilana gesang wonten ing ngarsa Tuwan" (Purwaning Dumados 17: 18), dhawuhipun Allah: "Déné ingatasé Isma'il iku iya Ingsun anjembadani panyuwunira" (Purwaning Dumados 17: 20). Punika anedahaken bilih Isma'il kajumenengaken dados nabi. Mirsanana 168 tuwin 170. Ing Quran Suci, kasebutaken Kanjeng Nabi Isma'il punika kagolong nabi, inggih punika kasebutaken asmanipun wonten ing 2: 125, 127-129, 133, 136, 140; 6: 87, 19: 54, 55; 21: 85, tuwin 38: 48; boten kasebutaken asmanipun, nanging kacariyosaken lalampahanipun wonten 37: 101-107.

1553. *Idris* punika sami kaliyan Enokh (Bd). Tembung *rafa'*, ingkang dipun agem nembungaken Kanjeng Nabi 'Isa punika ugi dipun agem nembungaken Kanjeng Nabi Idris, awit saking punika, lajeng wonten sawenèh mufassirin ingkang klèntu anggènipun merdéni tembung wau, kasuraos mengku teges, bilih Kanjeng Nabi Idris kaangkat dhateng langit kanthi gesang-gesangan, sami kados déné Kanjeng Nabi 'Isa. Nanging tumrap kalih-kalihipun wau sami lepatipun, awit tembung *rafa'* makaten ateges anjunjung dhateng darajat luhur. Kula aturi mirsani 437. Déné panyuraos ingkang lepat wau ambokmanawi kémawon tuwuh margi saking cariyos Kanjeng Nabi Idris ing Bébel. Kadosta, ing Purwaning Dumados 5: 24 kasebutaken: "Salampahé Enokh iku tinunggil déning Allah, banjur sariranè wus ora ana, amarga pinulung déning Allah." Kitab Prajanjian Énggal langkung cetha malih: "Amarga saka pracayané Enokh kapundhut, supaya aja kongsi angalami mati, nuli ora kepanggih, amarga wus dipundhut déning Allah" (Hebr. 11: 5). Namung kaping sapisan malih panjenenganipun punika kasebutaken wonten ing Quran Suci, inggih punika ing 21: 85.

58 Yaiki para kang padha kaparingan nugraha déning Allah, kayata para nabi saka turuning Adam sarta saka para kang Ingsun emot karo Nuh, tuwin saka turuning Ibrahim lan Israil, apa déné saka sapa kang Ingsun tuntun lan Ingsun pilih; samasa padha diwacakaké timbalan-timbalané Ingkang-Mahamurah padha anjungkel
a. 978 sumujud kalawan nangis.[a]

أُولَٰٓئِكَ الَّذِينَ أَنْعَمَ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ مِّنَ
النَّبِيّٖنَ مِنْ ذُرِّيَّةِ اٰدَمَ وَمِمَّنْ
حَمَلْنَا مَعَ نُوحٍ وَّمِنْ ذُرِّيَّةِ إِبْرٰهِيمَ
وَإِسْرَآءِيلَ وَمِمَّنْ هَدَيْنَا وَاجْتَبَيْنَا ط
إِذَا تُتْلٰى عَلَيْهِمْ اٰيٰتُ الرَّحْمٰنِ خَرُّوا
سُجَّدًا وَّبُكِيًّا ۩ ﴿٥٨﴾

59 Ananging ing sapungkuré dhèwèké, kang gumanti bangsa kang ala, padha anglirwakaké salat lan padha anurut pépénginan kang asor; mulané bakal padha nemu karusakan,

فَخَلَفَ مِنْ بَعْدِهِمْ خَلْفٌ أَضَاعُوا
الصَّلٰوةَ وَاتَّبَعُوا الشَّهَوٰتِ فَسَوْفَ
يَلْقَوْنَ غَيًّا ﴿٥٩﴾

60 Kajaba kang padha mratobat tuwin angèstu sarta atindak becik; lah yaiki kang bakal malebu ing taman sarta ora bakal padha kinaniaya sathithik-thithika:

إِلَّا مَنْ تَابَ وَاٰمَنَ وَعَمِلَ صَالِحًا
فَأُولٰٓئِكَ يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ وَلَا
يُظْلَمُونَ شَيْئًا ﴿٦٠﴾

61 Patamanan langgeng kang dijanjèkaké déning Ingkang-Mahamurah marang para kawulané,
Ar. *kalawan* *kang sarta iku* ora katon.

جَنّٰتِ عَدْنٍ الَّتِي وَعَدَ الرَّحْمٰنُ عِبَادَهُ
بِالْغَيْبِ ط إِنَّهُ كَانَ وَعْدُهُ مَأْتِيًّا ﴿٦١﴾

62 Ana ing kono ora bakal padha
Ar. *kajaba* ngrungu tembung lalahan, *mung ngrungu*: “Rahayu”; lan ana ing kono, ésuk lan soré, bakal padha
Ar. *rijekiné* olèh *rijeki*.[1554]

لَا يَسْمَعُونَ فِيهَا لَغْوًا إِلَّا سَلٰمًا ط وَلَهُمْ
رِزْقُهُمْ فِيهَا بُكْرَةً وَّعَشِيًّا ﴿٦٢﴾

63 Iki taman, kang Ingsun waris-
Ar. *sapa* aké para kawula-Ningsun *endi* kang rumeksa dhiriné (saka ing ala).[1555]

تِلْكَ الْجَنَّةُ الَّتِي نُورِثُ مِنْ عِبَادِنَا
مَنْ كَانَ تَقِيًّا ﴿٦٣﴾

1554. Tembung *Muslim* punika boten prabéda lan tembung *salâm* asalipun sami, inggih punika saking tembung *salam*, ingkang tegesipun: rahayu; dados tiyang Muslim punika tiyang ingkang dumunung ing rahayu. Manawi wonten ing ngrikinipun manusa adamel rahayu kaliyan Ingkang-

1555. *Mirsanana kaca candhakipun.*

64 Lan aku ora padha tumurun kajaba kalawan paréntahing Pangéranira; kagungané Panjenengané sabarang kang ana ing ngarepku lan sabarang kang ana ing buriku apa déné sabarang kang ana ing saantarané iku, sarta ora pisan Pangéranira iku kesupèn:[1556]

وَمَا نَتَنَزَّلُ إِلَّا بِأَمْرِ رَبِّكَ ۖ لَهُ مَا بَيْنَ أَيْدِينَا وَمَا خَلْفَنَا وَمَا بَيْنَ ذَٰلِكَ ۚ وَمَا كَانَ رَبُّكَ نَسِيًّا ﴿٦٤﴾

65 Pangéraning langit-langit lan bumi tuwin sabarang saantarané loro iku; mulané angabdia Panjenengané lan dibetah ing pangabdi marang Panjenengané, Apa ta sira weruh, sapa ta kang padha karo Panjenengané?

رَبُّ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا فَاعْبُدْهُ وَاصْطَبِرْ لِعِبَادَتِهِ ۚ هَلْ تَعْلَمُ لَهُ سَمِيًّا ﴿٦٥﴾

RUKU' 5

Para milawani dipun punapakaken

66, 67. Semang-semangipun manusa. 68-73. Kawusananipun tiyang ingkang dursila lan tiyang ingkang tulus. 74-76. Piwulang saking kawusananipun tiyang ingkang sampun-sampun. 77-80. Pancasan punika sampun mesthi. 81, 82. Panulak dhateng panuntun dhateng awon.

66 Lan manusa acalathu: Lah manawa aku wis mati, bakal (banjur) diuripaké manèh temenan?

وَيَقُولُ الْإِنْسَانُ أَإِذَا مَا مِتُّ لَسَوْفَ أُخْرَجُ حَيًّا ﴿٦٦﴾

Nitahaken lan kaliyan makhluk-Ipun, lah ing akhirat masthi badhé manggih rahayu. Lah inggih punika kasunyatan adiluhung ingkang sumimpen wonten ing pangertosan suwarga cara agami Islam, awit wongsal-wangsul kasebutaken wonten ing Quran Suci bilih ing suwarga punika boten wonten punapa-punapanipun malih kajawi namung rahayu.

1555. Kawontenan rahayu ingkang kalayan sampurna, ingkang kapangandikakaken ing ayat ingkang sampun, ing ngriki sinebut taman ingkang badhé kawaris déning para titiyang tulus.

1556. Limrahipun tembung "aku ora padha tumurun" punika dipun suraos mengku maksud tumurunipun para malaikat kalayan ngampil wahyuning Pangéran. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika wahyu ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi. Déné suraosipun: boten prabéda lan anggènipun para malaikat sami ngampil wahyu ingkang kaparingaken dhateng para andika nabi ingkang sampun-sampun, lah makaten ugi ing samangké punika, awit saking dhawuhipun Pangéran, inggih sami ngampil wahyu ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Suci Muhammad. Déné dhawuh ing wekasaning ayat, ingkang mungel: ora pisan Pangéranira iku kasupèn, punika mengku teges, bilih janji-janji saha piweca-peweca ingkang kaparingaken déning Gusti Allah lumantar nabi-nabi-Nipun, punika mesthi boten badhé dipun supèkaken. Dumugi samanten, cariyos lalampahanipun para nabi ingkang sampun-sampun lajeng dipun pungkasi kalayan dhawuh ingkang nyebutaken bab prakawis wahyu ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Suci, sarta inggih bab punika ingkang karembag wonten ing ruku'-ruku'-ipun surat punika ing ngandhap punika.

Nanging inggih wonten mufassir ingkang nyuraos, bilih punika wicantenipun para angèstu ingkang sami lumebet ing suwarga (AbM - Rz).

67 Apa manusa iku ora éling manawa anggon-Ingsun anitahaké dhèwèké dhèk biyèn nalika dhèwèké durung ana?

أَوَلَا يَذْكُرُ الْإِنسَانُ أَنَّا خَلَقْنَاهُ مِن قَبْلُ وَلَمْ يَكُ شَيْئًا ﴿٦٧﴾

68 Mulané, dhemi Panjenenganira! Sayekti Ingsun bakal angimpun dhèwèké karo sétan-sétan; tumuli, yekti padha Ingsun andhèraké sakupenging naraka kalawan padha jèngkèng.[1557]

فَوَرَبِّكَ لَنَحْشُرَنَّهُمْ وَالشَّيَاطِينَ ثُمَّ لَنُحْضِرَنَّهُمْ حَوْلَ جَهَنَّمَ جِثِيًّا ﴿٦٨﴾

69 Tumuli, sayekti temen Ingsun bakal amilahaké saka sarupaning papanthané sapa kang luwih abanget anggoné amilawani Ingkang-Mahamurah.

ثُمَّ لَنَنزِعَنَّ مِن كُلِّ شِيعَةٍ أَيُّهُمْ أَشَدُّ عَلَى الرَّحْمَٰنِ عِتِيًّا ﴿٦٩﴾

70 Tumuli, sayekti Ingsun luwih anguningani marang para kang padha luwih trep diobong ing kono.

ثُمَّ لَنَحْنُ أَعْلَمُ بِالَّذِينَ هُمْ أَوْلَىٰ بِهَا صِلِيًّا ﴿٧٠﴾

71 Lan saka ing antaranira ora ana kang ora tumeka mrono; iki pancasané Pangéranira kang ora kena owah.[1558]

وَإِن مِّنكُمْ إِلَّا وَارِدُهَا ۚ كَانَ عَلَىٰ رَبِّكَ حَتْمًا مَّقْضِيًّا ﴿٧١﴾

a. 45 72 Lan[a] Ingsun bakal anyalametaké para kang padha rumeksa dhiriné (saka ing ala)[1559] sarta Ingsun bakal aninggal para atindak dudu ana ing kono kalawan padha jèngkèng.[1560]

ثُمَّ نُنَجِّي الَّذِينَ اتَّقَوا وَّنَذَرُ الظَّالِمِينَ فِيهَا جِثِيًّا ﴿٧٢﴾

1557. Sétan-sétan ing ngriki, terang para titiyang ingkang sami nuntun ing sanès dhateng awon.

1558. Manut suraosing dhawuh gathukipun kaliyan dhawuh nginggilipun lan ngandhapipun, sampun cetha bilih ingkang kapangandikakaken punika namung para titiyang duraka. Para titiyang tulus boten badhé kacemplung ing naraka; bab punika sampun kadhawuhaken wongsal-wangsul kalayan cetha wonten ing Quran Suci. Kula aturi mirsani ayat candhakipun, inggih punika ayat 85 lan 86, ing ngriku kadhawuhaken: "Ing dinané Ingsun bakal angimpun para kang rumeksa dhiriné (saka ing ala) marang Ingkang-Mahamurah, perlu anampani kahurmatan, lan anggiring para wong dosa marang naraka kalawan padha ngorong." Ing 21: 102 kadhawuhaken, bilih para titiyang tulus boten badhé mireng *suwantening naraka*.

1559. Kados déné ingkang sampun katerangaken ing nginggil, punika boten ateges bilih para titiyang tulus badhé dipun cemplungaken ing naraka rumiyin lajeng dipun entasaken. Manawi badhé ngarsakaken kateranganing tegesipun tembung *tsumma* kula aturi mirsani 45. Tembung punika dipun anggé ambukani ukara énggal.

1560. Kula aturi nyundhukaken kaliyan ayat 68, ing ngriku kapangandikakaken, bilih para titiyang

73 Lan samasa dhèwèké padha diwacakaké timbalan-timbalan Ingsun kang cetha, acalathu para kang padha kafir marang para kang padha angèstu: Papanthan loro iki endi sing luwih becik padunungané sarta luwih becik pakumpulané?[1561]

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا بَيِّنَاتٍ قَالَ
الَّذِينَ كَفَرُوا لِلَّذِينَ آمَنُوا أَيُّ الْفَرِيقَيْنِ
خَيْرٌ مَقَامًا وَأَحْسَنُ نَدِيًّا ٧٣

74 Lan pira baé kang wus Ingsun lebur ing sadurungé dhèwèké, bangsa, kang mungguh ing bandha lan rupa luwih becik!

وَكَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُمْ مِنْ قَرْنٍ هُمْ
أَحْسَنُ أَثَاثًا وَرِئْيًا ٧٤

75 Calathua: Sing sapa ana ing sajroning sasar, amasthi Ingkang-Mahamurah bakal andawakaké umuré, nganti dhèwèké andeleng apa kang diancamaké, apa siksa, apa ta titimangsa;[1562] ing kono bakal weruh, sapa sing luwih ala kahanané sarta sing luwih ringkih balané.[1563]

قُلْ مَنْ كَانَ فِي الضَّلَالَةِ فَلْيَمْدُدْ لَهُ
الرَّحْمَٰنُ مَدًّا ۚ حَتَّىٰ إِذَا رَأَوْا مَا
يُوعَدُونَ إِمَّا الْعَذَابَ وَإِمَّا السَّاعَةَ
فَسَيَعْلَمُونَ مَنْ هُوَ شَرٌّ مَكَانًا
وَأَضْعَفُ جُنْدًا ٧٥

Ut. *netepi pituduh*

76 Lan Allah amewahi pituduh para kang padha *tumindak bener*; lan panggawé becik kang tetep lestari iku mungguhing Pangéranira luwih becik ing wawales sarta luwih becik *awohé*.[1564]

Ut. *ulih-ulihé*

وَيَزِيدُ اللَّهُ الَّذِينَ اهْتَدَوْا هُدًى ۗ
وَالْبَاقِيَاتُ الصَّالِحَاتُ خَيْرٌ عِنْدَ رَبِّكَ
ثَوَابًا وَخَيْرٌ مَرَدًّا ٧٦

---

dosa badhé kabekta dhateng naraka *kalayan jèngkèng*. Para titiyang dosa ingkang nalikanipun ing gesang samangké boten jèngkèng margi anggènipun nandhang ina, badhé kajèngkèngaken bénjing wonten ing akhirat.

1561. Inggih punika sami angungasaken kasugihanipun tuwin kathahing wadyabalanipun.

1562. *Titimangsa* punika tegesipun *titimangsaning dhumawahipun karampungan*, inggih punika titimangsanipun badhé sami kacures babar pisan, sarta sirnanipun-babar pisan panguwaosipun para titiyang wau ing salami-laminipun. *Siksa* punika manawi katandhing kaliyan *dhumawahing karampungan*, nama saweg siksa ingkang ènthèng.

1563. Ing dalem dhawuh punika katerangaken kanthi cetha, bilih badhé dhateng masa kalanipun piyambakipun sami dumunung wonten ing kawontenan ingkang awon, wadyabalanipun langkung ringkih katimbang wadyabalanipun Islam.

1564. Tetembungan ضيعة كثيرة المرد punika tegesipun *pasitèn ingkang ngedalaken asil kathah* (A-LL).

77 Lah apa sira weruh wong kang angafiri ing timbalan-timbalan-Ingsun sarta angucap: Amasthi aku pinaringan bandha lan anak?[1565]

أَفَرَءَيْتَ الَّذِي كَفَرَ بِآيَاتِنَا وَقَالَ لَأُوتَيَنَّ مَالًا وَوَلَدًا ﴿٧٧﴾

Ut. *barang kang ora katon*

78 Apa dhèwèké olèh kawruh *ghaib*, apa nyekel janji saka ngarsané Ingkang-Mahamurah.

أَطَّلَعَ الْغَيْبَ أَمِ اتَّخَذَ عِنْدَ الرَّحْمَٰنِ عَهْدًا ﴿٧٨﴾

79 Ora pisan-pisan! Ingsun tulisi sabarang pangucapé sarta ingsun bakal angundhaki dawaning siksa tumrap marang dhèwèké.

كَلَّا ۚ سَنَكْتُبُ مَا يَقُولُ وَنَمُدُّ لَهُ مِنَ الْعَذَابِ مَدًّا ﴿٧٩﴾

80 Lan Ingsun bakal maris marang dhèwèké sabarang pangucapé, sarta dhèwèké bakal séba marang Ingsun kalawan ijèn.[1566]

وَنَرِثُهُ مَا يَقُولُ وَيَأْتِينَا فَرْدًا ﴿٨٠﴾

81 Lan dhèwèké padha ngalap sesembahan saliyané Allah, pamrihé supaya iku dadia sumbering kakuwatan tumrap marang dhèwèké;[1567]

وَاتَّخَذُوا مِنْ دُونِ اللَّهِ آلِهَةً لِيَكُونُوا لَهُمْ عِزًّا ﴿٨١﴾

82 Ora pisan-pisan! Dhèwèké bakal énggal angemohi ing pangawulané marang iku, sarta iku bakal dadi mungsuh ingatasé dhèwèké.

كَلَّا ۚ سَيَكْفُرُونَ بِعِبَادَتِهِمْ وَيَكُونُونَ عَلَيْهِمْ ضِدًّا ﴿٨٢﴾

RUKU' 6

Piwulang palsu bab Allah puputra

83-87. Sétan anasaraké. 88-96. Satuhu sanget dosa anganggep Gusti Allah puputra. 97, 98. Pémut dhateng para ahli mabeni.

1565. Ingkang dipun péngini sanget déning para kafir punika bandha lan anak.

1566. Ingkang dipun karsakaken, inggih punika wicantenipun para kafir ingkang kasebut ing ayat 77: "Amasthi aku pinaringan bandha lan anak." Déné suraosipun, bandha lan anak ingkang dipun anggé umuk-umukan wau, badhé kajabel saking piyambakipun, sarta Gusti Allah (inggih punika kawulanipun Allah, utawi para Muslimin) badhé maris punika sadaya. Dados kawecakaken langkung rumiyin, bilih bandhanipun para kafir punika mesthi badhé dhumawah dhateng tanganipun para Muslimin sarta anak-anakipun mesthi badhé manjing Islam.

1567. Panganggepipun para kafir, brahala-brahalanipun punika saged mitulungi piyambakipun lumawan titiyang Muslimin. Dhawuh wangsulanipun kasebutaken wonten ing ayat sambetipun: Brahala-brahalanipun wau boten dados tuking kakiyatan tumrap piyambakipun, nanging malah badhé dados mengsahipun.

83 Apa sira ora weruh yèn Ingsun wus angutus sétan-sétan marang para kafir, angojok-ojoki dhèwèké kalawan pangojok-ojok?

أَلَمْ تَرَ أَنَّآ أَرْسَلْنَا ٱلشَّيَٰطِينَ عَلَى ٱلْكَٰفِرِينَ تَؤُزُّهُمْ أَزًّا ﴿٨٣﴾

Ar. *atas*

84 Mulané aja sira gégé *tumibané* marang dhèwèké, Ingsun mung angétung wilanganing (dinané) tumrap marang dhèwèké.[1568]

فَلَا تَعْجَلْ عَلَيْهِمْ ۖ إِنَّمَا نَعُدُّ لَهُمْ عَدًّا ﴿٨٤﴾

85 Ing dinané Ingsun bakal angimpun para kang rumeksa dhiriné (saka ing ala) marang Ingkang-Mahamurah, perlu anampani kahurmatan.[1569]

يَوْمَ نَحْشُرُ ٱلْمُتَّقِينَ إِلَى ٱلرَّحْمَٰنِ وَفْدًا ﴿٨٥﴾

Ar. *Ingsun bakal anggiring*

86 Lan *anggiring* para wong dosa marang naraka kalawan padha ngorong.[1570]

وَنَسُوقُ ٱلْمُجْرِمِينَ إِلَىٰ جَهَنَّمَ وِرْدًا ﴿٨٦﴾

Ut. *pitulungan pirembug*

87 Dhèwèké padha ora bisa duwé *syafa'at* kajaba wong kang nyekel janji saka ngarsané Ingkang-Mahamurah.

لَّا يَمْلِكُونَ ٱلشَّفَٰعَةَ إِلَّا مَنِ ٱتَّخَذَ عِندَ ٱلرَّحْمَٰنِ عَهْدًا ﴿٨٧﴾

88 Dhèwèké padha calathu: Ingkang-Mahamurah iku angalap putra.

وَقَالُوا۟ ٱتَّخَذَ ٱلرَّحْمَٰنُ وَلَدًا ﴿٨٨﴾

Ar. *anekakaké barang*

89 Sayekti temen sira iku *angucapaké tembung* kang anjejemberi.

لَّقَدْ جِئْتُمْ شَيْـًٔا إِدًّا ﴿٨٩﴾

90 Mèh baé langit-langit bedhah lan bumi sigar tuwin gunung-gunung jugrug remuk,

تَكَادُ ٱلسَّمَٰوَٰتُ يَتَفَطَّرْنَ مِنْهُ وَتَنشَقُّ ٱلْأَرْضُ وَتَخِرُّ ٱلْجِبَالُ هَدًّا ﴿٩٠﴾

91 Déning dhèwèké padha ngarani Ingkang-Mahamurah iku kagungan putra.

أَن دَعَوْا۟ لِلرَّحْمَٰنِ وَلَدًا ﴿٩١﴾

1568. Tegesipun, karampungan badhé dhumawahing siksanipun sampun kaputus, namung dhumawahipun saèstu dhateng piyambakipun, punika ingkang taksih kasrantosaken manawi sampun dumugi wawangen ingkang sampun katamtokaken. Dados dinten kanggé gesangipun para titiyang wau sampun kénging dipun pètangi wilanganipun, ngantos manawi titimangsa wau sampun dumugi.

1569. Wafd punika sagolonganing tiyang ingkang sumiwi dhateng satunggaling ratu perlu badhé nampèni kahurmatan (JB). Milanipun lajeng dipun tegesi kados makaten punika.

1570. *Wird* punika ateges *nyelaki toya* (LL); milanipun lajeng ateges ngorong jalaran kéwan ingkang ngorong punika lajeng kagiring murugi toya.

92 Lan ora mungguh tumrapé Ingkang-Mahamurah yèn ta angalap putra.[1571]

وَمَا يَنۢبَغِيۡ لِلرَّحۡمٰنِ اَنۡ يَّتَّخِذَ وَلَدًا ۝٩٢

93 Kabèh, sapa baé kang ana ing langit-langit lan bumi, ora kena ora masthi bakal suméwa marang Ingkang-Mahamurah, anglungguhi anggoné dadi kawula.

اِنۡ كُلُّ مَنۡ فِي السَّمٰوٰتِ وَالۡاَرۡضِ
اِلَّاۤ اٰتِي الرَّحۡمٰنِ عَبۡدًا ۝٩٣

1571. Ayat gangsal iji, inggih punika ayat 88 dumugi ayat 92, punika ngemot katerangan ingkang kekah saha cetha pratéla ingkang nglepataken piwulang Nasrani bab Kapangérananipun Kanjeng Nabi ‘Isa. Sarta inggih dhateng prakawis punika ingkang dipun ener kalayan mligi déning surat punika. Perlu dipun pèngeti bilih surat punika kagolong jaman kirang langkung taun ingkang kaping gangsal sasampunipun Kanjeng Nabi Suci jumeneng dados utusan, tandhanipun sapéranganipun surat punika sampun kawaos déning sahabat Ja’far wonten ing ngarsanipun sang nata ing Habasyah. Déné sahabat Ja’far punika sesepuhipun titiyang Muslimin ingkang sami ngungsi dhateng nagari Habasyah. Dados wiwit ing sakawit mila, agami Islam sampun masang sedya ingkang adiluhung badhé ambangun agami Nasrani. Prakawis ingkang dipun wigatosaken sanget wonten ing surat punika, inggih punika bab *rahmâniyah* utawi *Mahamurahipun Pangéran*. Punika minangka pambantah kalepatan ageng ingkang dados piwulangipun agami Nasrani, awit *rahmâniyah* utawi *Mahamurahipun Pangéran* makaten, anetepaken piwulang, bilih ngapunten tiyang dosa, punika tumrapipun Pangéran boten ndadak ambetahaken tebusan barang. Lah inggih sabab saking punika, déné asma *Rahmân* punika wonten ing surat punika langkung dipun wigatosaken katimbang asmanipun Pangéran sanès-sanèsipun, sarta wongsal-wangsul kasebutaken. Déné kuncinipun rembag-rembag wau sadaya, kamot wonten ing ayat 92 ingkang mungel makaten: *Lan ora munggah tumrapé Ingkang-Mahamurah yèn ta angalapa putra*.

Asma *Rahmân* punika asmanipun Pangéran, sarta sasampunipun asma Allah, asma *Rahmân* punika ingkang asring piyambak kasebutaken wonten ing Quran Suci (kajawi asma *Rahîm*, ingkang ugi nunggil asli kaliyan asma *Rahmân* wau sarta ingkang mèh sami tegesipun). Sampun ing wiwitan mila katerangaken, bilih tembung *Rahmân* punika ateges *Pangéran Ingkang-Mahamurah Ingkang amatedhakaken wilasa dhateng manusa tanpa manusa anindakaken punapa-punapa ingkang murugaken angsal wilasa wau* (3). Lah punika kalayan ceplos anduwa piwulang bab panebusing dosa, inggih ingkang dados dhadhasaring piwulang bab kapangérananipun Kanjeng Nabi ‘Isa. Jalaran, manawi Pangéran punika saged ngapunten ing dosa tanpa mundhut tebusan saking manusa, lan malih manawi Panjenenganipun saged amatedhakaken wilasa, nadyan manusa boten nindakaken punapa ingkang murugaken angsal wilasa wau, lah mesthi kémawon lajeng boten perlu wonten tebusan barang, ingkang ing salajengipun inggih lajeng sampun boten perlu mastani Gusti Allah kagungan putra ingkang dipun kurbanaken kanggé wadal. Asma *Rahmân* anedahaken, bilih Gusti Allah boten ngarsakaken dipun caosi pupulih utawi tebusan, sarta welasasih dhateng sadaya makhluk-Ipun, kapareng nyudiyani langkung rumiyin sadaya samukawis ingkang kabetahaken déning sagung titah wau. Dados menggah ing sajatos-jatosipun, tembung satunggal punika sampun mengku katerangan ingkang anglepataken sadaya lepat ingkang wonten ing agami Nasrani.

Pangandel Nasrani, punika sampun acecengkahan piyambak. Piandel Nasrani boten ngakeni kongangipun Pangéran kapareng mintonaken wilasa dhateng para titiyang dosa tanpa panebusipun Kanjeng Nabi ‘Isa. Nanging piyambakipun ugi ngaken para titiyang dosa supados nyuwun pangapunten dhateng Pangéran sarta ngajeng-ajeng kaparengipun Pangéran ngapunten ing piyambakipun tanpa mundhut pupulih. Cecengkahan punika katingal ngégla amelok manawi kacundhukaken kaliyan ungeling donga “Rama Kula” ingkang misuwur punika, ingkang makaten ungelipun: “Saha Tuwan mugi angapunten sakathahipun kalepatan kawula, kados déné kawula inggih sami angapunten ing titiyang ingkang kalepatan dhateng kawula” (Mat. 6: 12). Lah manawi kados pundi sagedipun tiyang punika winastan ngapunten tiyang ingkang kalepatan dhateng piyambakipun? Ngemungaken manawi piyambakipun nglebur kalepatanipun tiyang wau ingkang dhateng piyambakipun sarta tanpa mawi nedha pupulih dhateng tiyang wau. Lah makaten ugi, miturut piwulangipun Kanjeng Nabi ‘Isa ingkang

94 Sayekti temen Panjenengané iku pangawikan-É anglimputi dhèwèké sarta wus amilang dhèwèké kalawan pamilang (kang sampurna).

لَقَدْ أَحْصٰىهُمْ وَعَدَّهُمْ عَدًّا ﴿٩٤﴾

95 Lan kabèh, dhèwèké iku, ing dina kiyamat bakal suméwa marang Panjenengané kalawan ijèn.

وَكُلُّهُمْ اٰتِيْهِ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فَرْدًا ﴿٩٥﴾

96 Sayekti, para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, Ingkang-Mahamurah bakal aparing sih marang dhèwèké.[1572]

إِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ سَيَجْعَلُ لَهُمُ الرَّحْمٰنُ وُدًّا ﴿٩٦﴾

97 Mulané iku Ingsun gampangaké kalawan basanira, iku mung supaya sira anggoa amartani bubungah marang para kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala) sarta awèh pépéling marang bangsa kang ahli madoni.

فَإِنَّمَا يَسَّرْنٰهُ بِلِسَانِكَ لِتُبَشِّرَ بِهِ الْمُتَّقِيْنَ وَتُنْذِرَ بِهٖ قَوْمًا لُّدًّا ﴿٩٧﴾

98 Lan pira baé bangsa kang wus Ingsun lebur ing sadurungé dhèwèké! Apa sira tumon dhèwèké
Ar. *utawa* salah siji, *apa ta* sira lamat-lamat krungu swara saka dhèwèké?

وَكَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُمْ مِّنْ قَرْنٍ هَلْ تُحِسُّ مِنْهُمْ مِّنْ أَحَدٍ أَوْ تَسْمَعُ لَهُمْ رِكْزًا ﴿٩٨﴾

---

terang gamblang, kula kedah sami ngajeng-ajeng dhateng Pangéran, bilih Panjenenganipun punika saged ngapunten ing dosa kula tanpa mundhut pupulih saking kula sami. Dados donga wau babar pisan boten mengku piwulang bab panebusing dosa saha bab prakawis Pangéran puputra.

1572. Ngemungaken kalayan iman ingkang leres saha pandamel saé kémawon, sagedipun manah punika katiyupan ing katresnan jati dhateng Allah saha dhateng titah-Ipun. Gusti Allah maringaken sih-tresna dhateng titiyang tulus, punika tegesipun: Allah Pribadi tresna dhateng piyambakipun sarta niyup katresnan dhateng piyambakipun wonten ing manahipun tiyang sanès, déné piyambakipun piyambak ugi tresna dhateng Allah lan dhateng sasaminmg titah. Ing sakawit kawulanipun Allah ingkang tulus punika wonten ing donya ngriki boten patosa dipun sihi, nanging saking sakedhik kasaénanipun mesthi menang, sarta piyambakipun mesthi lajeng dipun tresnani lan dipun asihi. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih ing ngriki punika mengku piweca badhé sapinten genging katresnan ingkang boten dangu malih badhe katiyupaken dhateng manahipun para mengsahipun Kanjeng Nabi.

اياتها ١٣٥ (٢٠) سورة طه مكية ركوعاتها ٨

SURAT 20

THÂ HÂ

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*8 ruku', 135 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1-5. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa.
Ruku' 6. Ingkang sami ngalang-alangi Kanjeng Nabi sami dipun asoraken.
Ruku' 7. Panasaranipun sétan.
Ruku' 8. Pidana punika sampun masthi.

Namanipun

Aksara wiwitaning tembung ingkang wonten ing surat punika kanggé namakaken surat punika. Sabagéan ageng punika ngandharaken lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa, dalah piprincénipun lalampahan dipun sebutaken. Tétéla bilih ing Quran Suci Kanjeng Nabi Musa punika langkung asring kasebutaken katimbang lan para nabi sanès-sanèsipun; malah boten namung makaten kémawon, nanging lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa wau langkung wijang anggènipun dipun sebutaken. Wondéné sababipun, margi rawuhipun Kanjeng Nabi punika nuhoni kanyataaning Kanjeng Nabi Musa, inggih punika piwecanipun Kanjeng Nabi Musa ingkang mecakaken badhé rawuhipun satunggaling nabi kados panjenenganipun. Punika sababipun déné asring kasebutaken dalasan piprincéning lalampahan pisan.

Gathukipun suraos tuwin babipun ingkang kawarsitakaken

Rèhning surat ingkang sampun mangandikakaken kalayan panjang cariyosipun Kanjeng Nabi 'Isa, mila surat ingkang mangandikakaken cariyosipun Kanjeng Nabi Musa ngantos dumugi riricikanipun lalampahan, kados déné surat punika, kapapanaken ngandhapipun surat ingkang sampun. Wiwitan piyambak surat punika paring panglipur dhateng Kanjeng Nabi, wigatos sampun ngantos panjenenganipun alit panggalihipun margi anggènipun mumulang dipun pilawani ingkang sakalangkung sanget, jalaran sampun boten kénging boten panjenenganipun badhé kasil anggènipun makarya andhatengakaken ayahanipun. Gangsal ruku' ingkang wiwitan (saking cacah wolu) kanggé angandharaken cariyosipun Kanjeng Nabi Musa, déné bab kautusipun Kanjeng Nabi kawiwitan pangrembagipun wonten ing mèh telas-telasanipun ruku' ingkang kaping gangsal. Ingkang tigang ruku' kanggé anerangaken panglawan dhateng Kanjeng Nabi saha temahanipun panglawan wau.

Titimangsa tumurunipun

Tumurunipun surat punika kinten-kinten nunggil jaman kaliyan tumurunipun surat ingkang sampun, jalaran boten prabéda lan wontenipun pasaksèn bilih surat ingkang sampun punika sampun kawaos wonten ing ngarsanipun sang Negus déning para Muslimin ingkang sami ngungsi dhateng Habasyah, makaten ugi inggih wonten pasaksèn ingkang anedahaken bilih surat punika anggènipun katurunaken nalika sadèrèngipun taun ingkang kaping nem sasampunipun Kanjeng Nabi jumeneng utusan. Ibnu Hisyam lan Ibnu Sa'ad anggandhèngaken surat punika kaliyan cariyos ngrasukipun Islam Bagéndha 'Umar, ingkang kalampahanipun nalika taun ingkang kaping nem. Panjenenganipun kakalih wau ngandikakaken bilih ingkang murugaken Bagéndha 'Umar santun salaga, inggih punika ing sakawit nedya badhé nyédani Kanjeng Nabi lajeng santun dados tresna lan ngaosi dhateng panjenenganipun, punika margi sadhèrèkipun èstri Bagéndha 'Umar maos surat punika. Para mufassirin

RUKU' 1

Lalampahanipun Nabi Musa

1-8. Panglipur tumrap Kanjeng Nabi Suci. 9-24. Ayahan utusan saking Pangéran kapasrahaken dhateng Nabi Musa, sarta piyambakipun kautus dhateng Fir'aun.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Ut. *O, tentrem!*

1 O, *manusa*![1573]

طٰهٰ ۝١

2 Anggon Ingsun andhawuhaké Quran marang sira, iku ora supaya sira cilaka.[1574]

مَآ اَنْزَلْنَا عَلَيْكَ الْقُرْاٰنَ لِتَشْقٰٓى ۝٢

3 Balik iku pépéling tumrap sapa-sapa sing wedi:

اِلَّا تَذْكِرَةً لِّمَنْ يَّخْشٰى ۝٣

---

boten nyebutaken lalampahan punika, punika boten teka ambuktèkaken bilih cariyos punika boten leres, awit cariyos punika dipun andharaken déning ahli babad kakalih ingkang saé piyambak. Wondéné sababipun déné para mufassirin boten nyebutaken lalampahan punika, punika namung kabekta saking para mufassirin wau boten sami karsa ngrembag bab titimangsaning tumurunipun surat ingkang trep.

1573. *Thâhâ*, punika camboranipun aksara kalih manut dhentawyanjana Arab, inggih punika aksara *thâ* lan *hâ*. Miturut para mufassirin ingkang kina piyambak, I'Ab, Qtd, Mjd, Hasan, Sa'id, tuwin sanès-sanèsipun, *thâhâ* punika satunggaling tembung, ingkang miturut sawenèh mufassir: manut sawenèh pakecapan (*dialect*) lan miturut mufassir sanèsipun malih: (manut "*sister–language*") mengku teges يا رجل jawinipun: *O, manusa* (Rz). AH nyebutaken kidunganipun tiyang pancer 'Akk kalih padha, ingkang anedahaken bilih manut pakecapanipun (*dialect*-ipun) titiyang pancer 'Akk wau, *thâhâ* punika tembung ingkang sampun kasumerepan ing ngakathah, ingkang ateges *O, manusa*, ngantos titiyang wau boten sami mangsuli manawi dipun uwuh *yâ rajulu*, nanging mangsuli manawi dipun uwuh *thâhâ*. Déné kidungan ingkang kapethik wau makaten: دعوت بطه في القتال فلم يجب jawinipun: *Aku anguwuh: O, manusa! ana ing peperangan, nanging dhèwèké ora mangsuli*. Kidungan satunggalipun makaten: ان السفاهة طه من خلائقكم jawinipun: *Sayekti pakarti nguthuh iku, O, manusa, sawenèh saka wawatekanmu.* AH ugi nerangaken, bilih *Thâhâ* punika salah satunggaling asmanipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. Kf negesi يا هذا jawinipun: *O, iki* (kajengipun, *O, sira*). Ugi dipun werdéni ateges: *di tentrem!* (TA-LL), awit inggih makaten punika tembung panglipur tumrap dhateng Kanjeng Nabi Suci.

1574. Terangipun, kaselak mokal sanget manawi Kanjeng Nabi, inggih punika tiyang ingkang katurunan Quran, lastantun boten angsal damel anggènipun badhé ambangun manusa, kados déné maksud tumurunipun Quran punika. Dhawuh punika minangka panglipur dhateng Kanjeng Nabi Suci, nanging ugi dados piweca ingkang terang, bilih pambangunan agung badhé kalampahan saèstu, boten namung wonten ing tanah Arab kémawon, nanging ugi ing saindhenging buwana, awit makaten wau pancèn ingkang kasedya déning Quran Suci wiwit ing sakawit mila.

4 Dhawuh saka Ingkang wus anitahaké bumi lan langit-langit kang dhuwur.[1575]

تَنْزِيْلًا مِّمَّنْ خَلَقَ الْاَرْضَ وَالسَّمٰوٰتِ الْعُلٰى ۝٤

5 Ingkang-Mahamurah angasta
a. 895 purba wisésa ing karaton.[a]

اَلرَّحْمٰنُ عَلَى الْعَرْشِ اسْتَوٰى ۝٥

6 Kagunganè Panjenenganè sabarang kang ana ing langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi tuwin sabarang kang ana ing saantaranè apa dénè sabarang sangisoring lemah.[1576]

لَهٗ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا وَمَا تَحْتَ الثَّرٰى ۝٦

7 Lan manawa sira anglairaké calathu kalawan seru, lah sayekti Panjenengané iku anguningani wawadi dalasan kang luwih sumingid pisan.[1577]

وَاِنْ تَجْهَرْ بِالْقَوْلِ فَاِنَّهٗ يَعْلَمُ السِّرَّ وَاَخْفٰى ۝٧

8 Allah — ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; kagungané Panjenengané asma-asma kang adiluhung iku.

اَللّٰهُ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۗ لَهُ الْاَسْمَآءُ الْحُسْنٰى ۝٨

9 Lan apa ta wis tumeka marang sira caritané Musa?

وَهَلْ اَتٰىكَ حَدِيْثُ مُوْسٰى ۝٩

10 Nalika dhèwèké weruh geni banjur calathu marang kulawargané; padha mandhega, sayekti aku andeleng geni; manawa-manawa aku bisa anggawa *mréné* tumper kang murub saka ing kono, utawa olèh pituduh ing sacedhaking geni kono.[1578]

Ar. *marang kowé*

اِذْ رَاٰ نَارًا فَقَالَ لِاَهْلِهِ امْكُثُوْٓا اِنِّيْٓ اٰنَسْتُ نَارًا لَّعَلِّيْٓ اٰتِيْكُمْ مِّنْهَا بِقَبَسٍ اَوْ اَجِدُ عَلَى النَّارِ هُدًى ۝١٠

1575. Ayat punika, saha ayat sambetipun punika, amarsitakaken punapa sababipun déné Quran punika boten naté boten kadumugèn sedyanipun. Inggih punika, jalaran Quran punika babaraning karsanipun Dhat ingkang nguwaosi ing samukawis.

1576. *Tsarâ* punika tegesipun *embesipun* siti, utawi *siti ingkang ngembes* (LL).

1577. *Wawados* punika sabarang ingkang kasingidaken déning tiyang wonten ing dalem manahipun; éwadéné wonten malih ingkang langkung sumingid, inggih punika barang ingkang dèrèng wonten ing manahipun tiyang. Nanging sadaya wau sami déné kauningan déning Allah.

1578. Boten prabéda lan tembung *dhèwèké weruh geni* ing ngriki punika, lah makaten ugi tembung *kula sumerep* lintang sawelas ing 12: 4. Tumrap kalih-kalihipun wau sadaya sanès walaka sumerepipun mripat wadhag. lngkang tumrap Kanjeng Nabi Yusuf, punika supena, utawi luyut, nanging ingkang tumrap Kanjeng Nabi Musa, punika sumerepipun mripat ruhani. Para nabi-nabinipun Pangéran pancèn pinaringan punika, langkung-langkung manawi saweg nampèni wahyuning Pangéran. Ayat-ayat

11 Bareng dhèwèké wus tumeka ing kono, *ana swara dhumawuh*: É, Musa!

Ar. *dipa-ngandikani*

فَلَمَّآ أَتٰىهَا نُودِىَ يٰمُوسٰىٓ ﴿١١﴾

12 Sayekti Ingsun iki Pangéranira; mulané copoten trumpahira karo pisan; sayekti sira iku ana ing jujurang kang sinuci *"Tuwâ"*:[1579]

Ut. *kaping pindho*

إِنِّىٓ أَنَا۠ رَبُّكَ فَاخْلَعْ نَعْلَيْكَ ۖ إِنَّكَ بِالْوَادِ الْمُقَدَّسِ طُوًى ﴿١٢﴾

13 Lan ingsun wis amething sira; mulané sira angrungokna marang apa kang winedhar:

وَأَنَا اخْتَرْتُكَ فَاسْتَمِعْ لِمَا يُوحٰىٓ ﴿١٣﴾

14 Sayekti, Ingsun iki Allah, ora ana sesembahan kajaba Ingsun; mulané ngawulaa marang Ingsun sarta anjumenengna salat akarana éling marang Ingsun:

إِنَّنِىٓ أَنَا اللَّهُ لَآ إِلٰهَ إِلَّآ أَنَا۠ فَاعْبُدْنِى وَأَقِمِ الصَّلٰوةَ لِذِكْرِىٓ ﴿١٤﴾

15 Sayekti, titining mangsa iku tumeka – iki bakal Ingsun gawé nyata pratéla[1580] – supaya sarupaning jiwa winales kalawan apa lakuné.

إِنَّ السَّاعَةَ ءَاتِيَةٌ أَكَادُ أُخْفِيهَا لِتُجْزٰى كُلُّ نَفْسٍ بِمَا تَسْعٰى ﴿١٥﴾

---

candhakipun nedahaken kanthi terang, bilih ing wekdal wau Kanjeng Nabi Musa tampi wahyu saking ngarsanipun Pangéran. Lah dados sampun terang sanget, bilih anggènipun mirsani latu wau ugi sapéranganing wahyu, dados anggènipun mirsani latu wau kalayan nétra ruhani. Wonten ing panggènan sanès (42:51) Quran Suci nyebutaken, bilih wahyu punika tumurunipun dhateng manusa namung sarana margi warni tiga, sarta tiga-tiganipun wau sadaya, tiyang ingkang tampi wahyu kaparingan indriya ingkang mligi, ingkang badhé dipun anggé ngraosaken lan ningali barang-barang (mirsanana 2235).

Prayogi katerangaken pisan, bilih latu punika pasemonipun peperangan kados déné ingkang katerangaken ing Quran Suci piyambak makaten: "Saben-saben padha angurubaké genining paprangan, iku Allah sing nyirep" (5: 64). Dados Kanjeng Nabi Musa mirsani latu, punika mengku sasmita anggènipun badhé peperangan kaliyan raja Fir'aun, utawi, ambokmanawi kémawon nyasmitani anggènipun badhé peperangan kaliyan bangsa-bangsa ingkang ngenggèni Tanah Suci.

1579. Dhawuh ingkang maréntahaken nyopot tarumpah, punika dhawuh éntar, mengku suraos *ngresiki manah sampun ngantos kisénan pamanahan dhateng anak sémah lan bandha* (Bd). Miturut ngulami sanès, "punika dhawuh ingkang mengku karsa nyandhet; kados déné manawi tiyang badhé nyandhet tiyang sanès, punika tembungipun: Uculana panganggomu lan tarumpahmu lan sasaminipun." (TA-LL)

Tembung *thuwan* utawi *thuwâ*, kula maknani *kaping pindo*; tegesipun *binarkahan kaping pindo*, inggih punika dados sifatipun jujurang. Utawi *inguwuh kaping pindo*, inggih punika wangsul dhateng anggènipun Kanjeng Nabi Musa inguwuh (dhinawuhan déning Pangéran). Nanging inggih wonten malih ingkang gadhah paham, bilih *Thuwâ* punika namanipun jurang. Rgh nyukani katerangan ingkang angka tiga, pangandikanipun, tembung *thuwâ* (ingkang wantahipun ateges *anggulung*), punika anggènipun kadhawuhaken kalayan mengku maksud mangandikakaken anggènipun kapiji Kanjeng Nabi Musa, ngantos anggènipun saged anggayuh tujuan ingkang adiluhung wau, boten sisah mawi sinartan saking pambudidayanipun piyambak.

1580. Dhawuh pangandika أَكَادُ أُخْفِيهَا punika asring dipun suraos kalayan boten leres.

16 Mulané, aja nganti wong kang ora angèstu ing iki sarta tutburi pépénginané kang asor angéngokaké sira saka ing kono, mundhak sira tumiba ing rusak.

فَلَا يَصُدَّنَّكَ عَنْهَا مَنْ لَّا يُؤْمِنُ بِهَا وَاتَّبَعَ هَوٰىهُ فَتَرْدٰى ⑯

17 Lan apa iki, kang ana ing tanganira tengen, o, Musa!

وَمَا تِلْكَ بِيَمِيْنِكَ يٰمُوْسٰى ⑰

18 Unjuké: Punika teken kawula; kawula anggé teteken saha kawula anggé anggepyokaken rarambanan ménda kawula tuwin kawula anggé sanès-sanèsipun.

قَالَ هِيَ عَصَايَ ۚ اَتَوَكَّؤُا عَلَيْهَا وَاَهُشُّ بِهَا عَلٰى غَنَمِيْ وَلِيَ فِيْهَا مَاٰرِبُ اُخْرٰى ⑱

19 Pangandikané; Iku uncalna, é, Musa!

قَالَ اَلْقِهَا يٰمُوْسٰى ⑲

20 Tumuli diuncalaké, lah ing kono jebul iku (dadi) ula lumaku.[1581]

فَاَلْقٰىهَا فَاِذَا هِيَ حَيَّةٌ تَسْعٰى ⑳

21 Pangandikané: Cekelen iku sarta aja sira wedi, bakal Ingsun balèkaké marang kahanané sakawit.

قَالَ خُذْهَا وَلَا تَخَفْ ۗ سَنُعِيْدُهَا سِيْرَتَهَا الْاُوْلٰى ㉑

Ikhfâ punika salah satunggalirg tembung-tembung ingkang gadhah teges ingkang kosokwangsul Nanging nitik sasambetanipun dhawuh, cetha manawi boten ateges nyingidaken. Ingkang karembag wonten ing ayat punika bab prakawis dhatengipun titining mangsa lan bab prakawis dhumawahipun ganjaran lan siksa; lah punika terang manawi *ambikak warana* utawi *damel cetha pratélanipun* titining mangsa wau, awit dhumawahing ganjaran lan siksa, punika kalampahanipun manawi titining mangsa wau sampun dhateng. Kedah dipun pèngeti, bilih titining mangsa, punika boten mesthi ateges kiyamat; kosokwangsulipun, asring kémawon tembung wau ateges dhumawahing siksa dhateng satunggaling umat, inggih punika titimangsanipun *sirnaning kaluhuran lan panguwaosipun umat wau.*

1581. Kados déné ingkang sampun kula aturaken ing ngajeng, sadaya punika dipun alami déning Kanjeng Nabi Musa nalika panjenenganipun dumunung wonten salebeting kawontenan ingkang tartamtu, ingkang mligi dipun alami déning tiyang manawi saweg nampèni wahyuning Pangéran. Bab punika sampun kula terangaken sawatawis panjang wonten ing 926. Ing ngriki kénging kula wewahi katerangan sakedhik, bilih ing ngriki Quran suka pasaksèn bilih punapa ingkang kaparingaken pirsa dhateng Kanjeng Nabi Musa ing wekdal wau, punika mengku teges ingkang langkung lebet malih. Bab punika sampun kasebutaken kalayan cetha wonten ing ayat 23, inggih punika kasebutaken, bilih maksudipun anggelar tandhayakti punika, *supaya Ingsun anuduhaké sawenèhing tandha-tandha-Ningsun kang luwih gedhé*. Dados tandhayekti kakalih ingkang kasebutaken ing ngriki, punika menggah ing sajatos-jatosipun mengku teges anedahaken prakawis ingkang langkung ageng malih. Manawi badhé mangertosi punika, kula sami perlu ningali punapa tegesipun tembung *'ashâ* punika. Punika sampun katerangaken wonten ing 96, ing ngriku sampun katerangaken bilih tembung '*ashâ*, punika mengku teges sacara entar: *umat*. Dados Kanjeng Nabi Musa mirsani agemipun lantaran malih dados sawer ingkang saged lumampah, punika mengku teges bilih umatipun, inggih punika bangsa Bani Israil, ingkang nalika kabawah raja Fir'aun dumunung wonten ing dalem kawontenan pejah budinipun, punika boten dangu malih mesthi badhé dados bangsa ingkang gesang.

22 Lan tanganira sira selobokna marang lempèngira, iku metuné bakal putih warnané, tanpa cacad: Tandha siji manèh:[1582]

وَاضْمُمْ يَدَكَ إِلَىٰ جَنَاحِكَ تَخْرُجْ بَيْضَاءَ مِنْ غَيْرِ سُوءٍ آيَةً أُخْرَىٰ ﴿٢٢﴾

23 Supaya Ingsun anuduhaké sawenèhing tandha-tandha-Ingsun kang luwih gedhé:

لِنُرِيَكَ مِنْ آيَاتِنَا الْكُبْرَى ﴿٢٣﴾

24 Lumakua marang (panggonané) Fir'aun; sayekti dhèwèké iku andaluya banget.

اذْهَبْ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ إِنَّهُ طَغَىٰ ﴿٢٤﴾

RUKU' 2

Lalampahanipun Nabi Musa

25 Unjuké: Dhuh Pangéran kawula! mugi Tuwan anjembaraken dhadha kawula:

وَيَسِّرْ لِي أَمْرِي ﴿٢٦﴾

26 Saha anggampilaken prakawis kawula:

قَالَ رَبِّ اشْرَحْ لِي صَدْرِي ﴿٢٥﴾

27 Tuwin angudhari bundhelaning ilat kawula:[1583]

وَاحْلُلْ عُقْدَةً مِنْ لِسَانِي ﴿٢٧﴾

28 (Supados) piyambakipun sami mangertos wicanten kawula:

يَفْقَهُوا قَوْلِي ﴿٢٨﴾

29 Saha mugi amaringi pambantu dhateng kawula (unusan) saking kulawarga kawula:[1584]

وَاجْعَلْ لِي وَزِيرًا مِنْ أَهْلِي ﴿٢٩﴾

1582. Kanthi angèngeti ingkang sampun katerangaken ing nginggil wau, *yadu baidlâ'*, punika inggih mengku teges ingkang lebet يد بيضاء ingkang wantahipun ateges *asta pethak*, punika mengku teges حجة مبرهنة jawinipun *pasaksèn* (*hujjah = argument*) *ingkang kadamel sakalangkung déning terang gamblang* (TA); tuwin ateges *pasaksèn* (*hujjah*), *katerangan* utawi *tandhayakti ingkang gumelar* utawi *dipun gelaraken* (M-LL). Kanjeng Nabi Musa dipun paringi pirsa asta pethak, punika ateges bilih panjenenganipun mesthi badhé saged anggelar pasaksèn ingkang saged suka kayakinan, utawi ateges wahyu saking nginggil ingkang kedah dipun alap papadhang.

1583. Manawi namung ngupadosi "bundhelan" utawi groyokipun lisan kémawon ndadak mawi ambesmi ilat, punika nama merdèni dhawuh punika kalayan cacriyosan ingkang nyebal ngadat. Miturut LA عقدة اللسان (*bundhelaning ilat*) punika ماغلظ منه jawinipun *kasar* utawi *kakenipun ilat*. Tiyang ingkang wonten '*uqdah* (*bundhelanipun*) wonten ing ilatipun, punika winastan '*aqid*, sarta katerangaken déning LL ateges *tiyang ingkang groyok boten saged wicantenan ingkang kanthi sakéca*.

1584. *Wazir* (saking tembung *wizr*, tegesipun *sasanggèn*), punika wantahipun ateges *tiyang ingkang nyangkul sasanggèn*, mila lajeng ateges *pambantu*, awit pambantu makaten nyangkul

30 Harun, sadhèrèk kawula.

هٰرُوْنَ اَخِى ۙ ﴿٣٠﴾

31 Mugi Tuwan anyantosakaken geger kawula mawi piyambakipun:

اشْدُدْ بِهٖٓ اَزْرِىْ ۙ ﴿٣١﴾

32 Saha anganthèkaken piyambakipun (dhateng kawula) ing dalem prakawis kawula.

وَاَشْرِكْهُ فِىْٓ اَمْرِىْ ۙ ﴿٣٢﴾

33 Supados kawula mawantu-wantu Mahasucèkaken ing Tuwan:

كَىْ نُسَبِّحَكَ كَثِيْرًا ۙ ﴿٣٣﴾

34 Tuwin mawantu-wantu ènget ing Tuwan:

وَّنَذْكُرَكَ كَثِيْرًا ۗ ﴿٣٤﴾

35 Saèstu Tuwan punika mirsani kawula.

اِنَّكَ كُنْتَ بِنَا بَصِيْرًا ﴿٣٥﴾

36 Pangandikané: Sayekti sira katekan panyuwunira, o, Musa.

قَالَ قَدْ اُوْتِيْتَ سُؤْلَكَ يٰمُوْسٰى ﴿٣٦﴾

37 Lan sayekti temen Ingsun wus amaringi nugraha marang sira ing waktu liya;

وَلَقَدْ مَنَنَّا عَلَيْكَ مَرَّةً اُخْرٰٓى ۙ ﴿٣٧﴾

38 Nalika ingsun amedhar sabda marang ibunira barang kang kawedharaké:

اِذْ اَوْحَيْنَآ اِلٰٓى اُمِّكَ مَا يُوْحٰٓى ۙ ﴿٣٨﴾

39 Pangandika-Ningsun; Dhèwèké cemplungna ing jeroning kendhaga, banjur cemplungna ing kali; si kali banjur anguncalaké dhèwèké menyang gigisik; ing kono dhèwèké bakal dijupuk sawijining wong kang mungsuh tumrapé Ingsun lan mungsuh tumrapé dhèwèké; lan Ingsun wus angruntuhaké katresnan saka Ingsun marang sira, lan supaya sira digula wenthah atas (panjangkunging) tingal-Ingsun:[1585]

اَنِ اقْذِفِيْهِ فِى التَّابُوْتِ فَاقْذِفِيْهِ فِى الْيَمِّ فَلْيُلْقِهِ الْيَمُّ بِالسَّاحِلِ يَأْخُذْهُ عَدُوٌّ لِّىْ وَعَدُوٌّ لَّهٗ ۗ وَاَلْقَيْتُ عَلَيْكَ مَحَبَّةً مِّنِّىْ ۚ وَلِتُصْنَعَ عَلٰى عَيْنِىْ ﴿٣٩﴾

---

sasanggèning sanès. Tembung punika ugi kénging dipun jarwani papatih, awit sampun kaprah tembung wau dipun anggé kalayan mengku teges papatihing ratu.

1585. Punika cocog kaliyan cacriyosan ing Bébel. Kanjeng Nabi Musa punika wiyosipun nalika jaman raja Fir'aun andhawuhaken sarupining bayi anakipun tiyang lsrail ingkang medal jaler kedah kacemplungaken dhateng benawi Nil. Ingkang ibu Kanjeng Nabi Musa saged ngumpetaken Kanjeng

40 Nalika sadulurira wadon lumaku banjur calathu: Punapa sampéyan purun kula tedahi tiyang ingkang saged ngemong piyambakipun? Tumuli sira Ingsun balèkaké marang biyungira, supaya adhema mripaté lan aja susah;[1586] lan (biyèn) sira matèni sawijining wong, tumuli sira Ingsun slametaké saka ing susah, apa déné sira Ingsun coba kalawan coba (kang abot). Banjur sira tataunan manggon nunggal wong Madyan;[1587] tumuli sira teka mrana kaya kang wus pinasthi, o, Musa:

إِذْ تَمْشِيٓ أُخْتُكَ فَتَقُولُ هَلْ أَدُلُّكُمْ عَلَىٰ مَن يَكْفُلُهُۥ ۖ فَرَجَعْنَٰكَ إِلَىٰٓ أُمِّكَ كَىْ تَقَرَّ عَيْنُهَا وَلَا تَحْزَنَ ۚ وَقَتَلْتَ نَفْسًا فَنَجَّيْنَٰكَ مِنَ ٱلْغَمِّ وَفَتَنَّٰكَ فُتُونًا ۚ فَلَبِثْتَ سِنِينَ فِىٓ أَهْلِ مَدْيَنَ ثُمَّ جِئْتَ عَلَىٰ قَدَرٍ يَٰمُوسَىٰ ﴿٤٠﴾

41 Lan sira Ingsun pilih dadi pipijèn-Ingsun:

وَٱصْطَنَعْتُكَ لِنَفْسِى ﴿٤١﴾

Ar. *kalawan*

42 Mangkata, sira karo sadulurira *angemban* timbalan-timbalan-Ingsun sarta aja padha léna ing élingira marang Ingsun:

ٱذْهَبْ أَنتَ وَأَخُوكَ بِـَٔايَٰتِى وَلَا تَنِيَا فِى ذِكْرِى ﴿٤٢﴾

43 Sira sakaroné padha mangkata marang Fir'aun, sayekti dhèwèké iku ambalasar:

ٱذْهَبَآ إِلَىٰ فِرْعَوْنَ إِنَّهُۥ طَغَىٰ ﴿٤٣﴾

44 Tumuli sira calathua marang dhèwèké kalawan calathu kang alus supaya dhèwèké éling utawa wedi.

فَقُولَا لَهُۥ قَوْلًا لَّيِّنًا لَّعَلَّهُۥ يَتَذَكَّرُ أَوْ يَخْشَىٰ ﴿٤٤﴾

45 Unjuké: Pangéran kawula! saèstu kawula sami kuwatos manawi piyambakipun agahan miawon dhateng kawula, utawi manawi piyambakipun dados ambalasar.

قَالَا رَبَّنَآ إِنَّنَا نَخَافُ أَن يَفْرُطَ عَلَيْنَآ أَوْ أَن يَطْغَىٰ ﴿٤٥﴾

Nabi Musa ngantos tigang wulan, nanging ing wasananipun sareng boten saged kaumpetaken malih, Kanjeng Nabi Musa lajeng dipun cemplungaken ing benawi mawi winadhahan ing kendhaga ingkang kadamel saking méndhong. Salajengipun Kanjeng Nabi Musa dipun entasaken déning putranipun putri raja Fir'aun (Pangentasan 2: 1-10).

1586. Mirsanana Pangentasan 2: 7-9.

1587. Mirsanana Pangentasan 2: 11-15.

قَالَ لَا تَخَافَآ إِنَّنِي مَعَكُمَآ أَسْمَعُ وَأَرَىٰ ﴿٤٦﴾

46 Pangandikané: Aja sira padha kuwatir, lah sayekti Ingsun anyartani sira sakaroné: Ingsun midhanget lan mirsani:

فَأْتِيَاهُ فَقُولَآ إِنَّا رَسُولَا رَبِّكَ فَأَرْسِلْ
مَعَنَا بَنِيٓ إِسْرَآءِيلَ ۙ وَلَا تُعَذِّبْهُمْ ۖ
قَدْ جِئْنَٰكَ بِـَٔايَةٍ مِّن رَّبِّكَ ۖ وَالسَّلَٰمُ
عَلَىٰ مَنِ اتَّبَعَ الْهُدَىٰ ﴿٤٧﴾

47 Mulané sira sakaroné tekaa marang dhèwèké, banjur calathua: Kula kakalih punika sami utusan-ipun Pangéran paduka, milanipun para turun Israil paduka dhawuhi tumut kula sarta sampun sami paduka siksa. Saèstu, dhateng kula ing paduka angemban timbalan saking Pangéran paduka, sarta rahayu tumrap sintena ingkang manut pitedah.

إِنَّا قَدْ أُوحِيَ إِلَيْنَآ أَنَّ الْعَذَابَ عَلَىٰ مَن
كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰ ﴿٤٨﴾

48 Saèstu, temen sabda kawe-dharaken dhateng kula, bilih siksa punika dhumawah dhateng sintena ingkang maiben lan maléngos.[1588]

قَالَ فَمَن رَّبُّكُمَا يَٰمُوسَىٰ ﴿٤٩﴾

49 (Fir'aun) calathu: Lah sapa Pangéranmu, o, Musa?

قَالَ رَبُّنَا الَّذِيٓ أَعْطَىٰ كُلَّ شَيْءٍ خَلْقَهُۥ
ثُمَّ هَدَىٰ ﴿٥٠﴾

50 Calathuné: Pangéran kula punika Ingkang aparing tumitahipun samukawis, tumunten katuntun (dhateng sedyaning dumados-ipun).[1589]

قَالَ فَمَا بَالُ الْقُرُونِ الْأُولَىٰ ﴿٥١﴾

51 Calathuné: Lah kapriyé kahanané bangsa sing dhisik-dhisik.

1588. Punika mengku pèpènget ingkang cetha pratéla dhateng raja Fir'aun, badhé kados pundi kadadosanipun manawi angemohi.

Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Harun kadhawuhan andhatengaken dhawuh punika. Cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Harun nalika bidhal sowan raja Fir'aun, sarta anggènipun andumugèkaken dhawuh punika, ing ngriki boten kasebutaken. Ayat candhakipun nyebutaken wangsulanipun raja Fir'aun dhateng panyuwunipun Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Harun wau.

1589. Ayat punika mengku bukti bilih Wahyuning Pangéran katurunaken, punika perlu sanget. Ayat punika andhawuhaken, bilih boten prabéda lan anggènipun Allah sampun anitahaken sadaya barang, sarta lajeng maringi dhateng barang-barang wau sifat-sifat lan sarana-sarana ingkang badhé dipun anggé lantaran anggayuh kasampurnanipun (awit inggih makaten punika tegesipun ingkang sajatos tembung *hadâ*, utawi *nuntun dhateng sedyaning dumadosipun punika*), lah makaten ugi manusa, kanggé anggayuh ing kasampurnanipun ruhani, inggih ambetahaken dhateng tuntunan ruhani tuwin budipakerti.

قَالَ عِلْمُهَا عِنْدَ رَبِّيْ فِيْ كِتٰبٍ ۚ لَا يَضِلُّ رَبِّيْ وَلَا يَنْسَى ﴿٥٢﴾

52 Calathuné: Kawruh prakawis punika wonten ing ngarsanipun Pangéran kula ing dalem kitab: Pangéran kula boten badhé kalèntu sarta boten badhé supé:

الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ الْاَرْضَ مَهْدًا وَّسَلَكَ لَكُمْ فِيْهَا سُبُلًا وَّاَنْزَلَ مِنَ السَّمَآءِ مَآءً ۗ فَاَخْرَجْنَا بِهٖۤ اَزْوَاجًا مِّنْ نَّبَاتٍ شَتّٰى ﴿٥٣﴾

53 Ingkang sampun andadosaken bumi gumelar tumrap dhateng paduka sadaya sarta andadosaken margi ing ngriku tumrap paduka sadaya punapa déné anurunaken toya saking mendhung; tumuli iku Ingsun anggo angetokaké tutuwuhan jinis akèh mawarna-warna:

كُلُوْا وَارْعَوْا اَنْعَامَكُمْ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّاُولِي النُّهٰى ﴿٥٤﴾

54 Padha sira pangana sarta padha sira engonana rajakayanira; sayekti, ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap para kang kasinungan akal.

RUKU' 3

Lalampahanipun Nabi Musa

مِنْهَا خَلَقْنٰكُمْ وَفِيْهَا نُعِيْدُكُمْ وَمِنْهَا نُخْرِجُكُمْ تَارَةً اُخْرٰى ﴿٥٥﴾

55 Saka iku Ingsun andadèkaké kowé lan marang iku Ingsun bakal ambalèkaké kowé lan saka iku Ingsun arsa nangèkaké kowé kang kaping pindhoné.

وَلَقَدْ اَرَيْنٰهُ اٰيٰتِنَا كُلَّهَا فَكَذَّبَ وَاَبٰى ﴿٥٦﴾

56 Lan sayekti, temen Ingsun wus ameruhaké dhèwèké tandha-tandha-Ningsun, sakabèhé, ananging dhèwèké maido lan angemohi.

قَالَ اَجِئْتَنَا لِتُخْرِجَنَا مِنْ اَرْضِنَا بِسِحْرِكَ يٰمُوْسٰى ﴿٥٧﴾

57 Calathuné: Apa tekamu mréné karana arep ngetokaké aku saka buminé asarana kemayanmu, o, Musa?

فَلَنَأْتِيَنَّكَ بِسِحْرٍ مِّثْلِهٖ فَاجْعَلْ بَيْنَنَا

58 Mulané aku iya arep anekakaké kemayan ing kowé padhané iku; mulané ayo gawéa prajanjian

Ut. *antarané dhèwèké*

antarané aku karo *kowé*, aja padha ambalènjani – aku karo kowé – (ana ing) papan kang tengah-tengah.

وَبَيْنَكَ مَوْعِدًا لَّا نُخْلِفُهُ نَحْنُ وَلَا أَنتَ مَكَانًا سُوًى ۝٥٨

59 (Musa) calathu: Janjian sampéyan ing dinten pasamuan, sarta titiyang supados sami ngempal ing wanci énjing.

قَالَ مَوْعِدُكُمْ يَوْمُ الزِّينَةِ وَأَن يُحْشَرَ النَّاسُ ضُحًى ۝٥٩

60 Tumuli Fir'aun mungkur, banjur anetepaké upayané; tumuli teka.[1590]

فَتَوَلَّىٰ فِرْعَوْنُ فَجَمَعَ كَيْدَهُ ثُمَّ أَتَىٰ ۝٦٠

61 Musa acalathu marang dhèwèké padha: Cilaka sampéyan sadaya, sampun sami adamel-damel gogorohan tumrap ing Allah, mindhak sampéyan linebur kalayan siksa. Lan sinten ingkang adamel-damel (gogorohan) saèstu boten kadumugèn (kajengipun).

قَالَ لَهُم مُّوسَىٰ وَيْلَكُمْ لَا تَفْتَرُوا عَلَى اللَّهِ كَذِبًا فَيُسْحِتَكُم بِعَذَابٍ ۖ وَقَدْ خَابَ مَنِ افْتَرَىٰ ۝٦١

62 Dhèwèké banjur papadon padha (sakancané) dhéwé bab prakarané, sarta anggoné padha rerembugan winadi.

فَتَنَازَعُوا أَمْرَهُم بَيْنَهُمْ وَأَسَرُّوا النَّجْوَىٰ ۝٦٢

Ut. *para panggedhému kang linuhung*

63 Padha calathu: Iki sakaroné temen ahli kemayan, padha arep angetokaké kowé kabèh saka ing buminé kalawan kemayané, sarta arep anyirnakaké *tata ngadatmu kang adiluhung.*

قَالُوا إِنْ هَٰذَانِ لَسَاحِرَانِ يُرِيدَانِ أَن يُخْرِجَاكُم مِّنْ أَرْضِكُم بِسِحْرِهِمَا وَيَذْهَبَا بِطَرِيقَتِكُمُ الْمُثْلَىٰ ۝٦٣

Ut. *upayamu*

64 Mulané padha anetepna *rancanganmu*; tumuli padha majua ababarisan, lan temen banget beja sapa kang unggul ing dina iki.

فَأَجْمِعُوا كَيْدَكُمْ ثُمَّ ائْتُوا صَفًّا ۚ وَقَدْ أَفْلَحَ الْيَوْمَ مَنِ اسْتَعْلَىٰ ۝٦٤

Ar. *kowé anibakaké*

65 Padha calathu; É, Musa! apa *kowé* apa ta aku kang anibakaké dhisik?

قَالُوا يَا مُوسَىٰ إِمَّا أَن تُلْقِيَ وَإِمَّا أَن نَّكُونَ أَوَّلَ مَنْ أَلْقَىٰ ۝٦٥

1590. جمع امره sarta اجمع امره kalih-kalihipun sami déné ateges *namtokaké* utawi *netepaké prakarané*; awit saking punika جمع كيده punika lajeng, ateges *namtokaké* utawi *netepaké* (LL) upayané. Bab prakawis tegesipun tembung *kaid* mirsanana 965.

66 Calathuné: O, lha, kowé padha anibakna. Lah ing kono dhadhung-dhadhungé lan teken-tekené – amarga saka kemayané katon tumrap dhèwèké kaya-kaya padha lumaku.[1591]

قَالَ بَلْ اَلْقُوْا ۚ فَاِذَا حِبَالُهُمْ وَعِصِيُّهُمْ يُخَيَّلُ اِلَيْهِ مِنْ سِحْرِهِمْ اَنَّهَا تَسْعٰى ﴿٦٦﴾

67 Ing kono Musa ing sajroning atiné rumasa wedi.

فَاَوْجَسَ فِيْ نَفْسِهٖ خِيْفَةً مُّوْسٰى ﴿٦٧﴾

68 Ingsun angandika: Aja wedi, sayekti sira iku bakal luwih unggul:

قُلْنَا لَا تَخَفْ اِنَّكَ اَنْتَ الْاَعْلٰى ﴿٦٨﴾

69 Lan tibakna apa kang ana ing tanganira tengen iku; iku bakal anguntali barang gagawéané; iki mung gagawéan upayané ahli kemayan, lan ahli kemayan iku saka ngendi-endia tekané ora bakal beja.

وَاَلْقِ مَا فِيْ يَمِيْنِكَ تَلْقَفْ مَا صَنَعُوْا ۗ اِنَّمَا صَنَعُوْا كَيْدُ سٰحِرٍ ۗ وَلَا يُفْلِحُ السّٰحِرُ حَيْثُ اَتٰى ﴿٦٩﴾

1591. Kakiyatanipun barang ingkang boten yakti, punika ing sawatawis wekdal katingal kados badhé angsal kamenangan; nanging boten dangu mesthi lajeng kawon. Punapa sajatosipun dhadhung-dhadhung wau lan teken-teken wau, sarta punapa tegesipun dhadhung lan teken wau sami lumampah, Bébel babar pisan boten suka ancer-ancer dhateng kula sami kanggé mangertosi punika. Ing sawenèh panggènan, Kitab Quran maringi susuluh sawatawis; minangka tuladha, kadosta ing 7: 117 katerang-aken, bilih punika *gogorohan kang padha diucapaké.* Tembung ‘*asha* lan *habal* punika wonten ing basa Arab, kanggènipun kalayan sacara warni-warni. Minangka tuladha, tembung قرعه بعصا الملامة (ingkang wantahipun ateges *anggebug ing dhèwèké kalawan tekening panacad*) punika sajatosipun ateges: *nacad ing dhèwèké kalawan ngluwihi wates*. Malih, tembung فلان يصلي عصا فلان (ingkang tegesipun wantah *si Suta nglencengaké tekené si Naya sarana dipanggang ing geni*), punika ateges: *Si Suta mangrèh utawi mranata prakarané si Naya*. Makaten ugi قشرت له العصا (ingkang tegesipun wantah: *aku nglènyèm kayu kanggo anggawékaké teken dhèwèké*), punika *ateges: aku medharake marang dhèwèké sabarang kang ana ing atiku*. Sarta tembung ‘*ashâ* punika sami kaliyan tembung *lisan*, jawinipun: *ilat* (TA-LL). Makaten ugi *habal* ateges barang sanèsipun malih kajawi *dhadhung* utawi *tampar*. Menggah ing sajatos-jatosipun tembung *habal* punika ateges *sadhéngah barang ingkang kénging kanggé anggayuh* utawi *andumugèkaken ing satunggaling barang* – Rgh: كل ما يتوصل به الى شئ sarta sabdanipun Pangéran punika inggih winastan *habal* (3: 102). Dados, ما يافكون utawi *gogorohan kang padha diucapaké*, punika nerangaken kawontenanipun ingkang sajatos dhadhung-dhadhung lan teken-teken wau, déné kagemipun tembung kakalih wau, kalayan cetha ngiyataken pupuntoning pamanggih punika. Bab prakawis punika taksih dipun kiyataken malih déning hadits ان من البيان لسحرا kados déné ingkang katerangaken ing 148, inggih punika: wileting wicara punika winastan *sihir*, *kemayan*, sami plek kaliyan tembung ingkang kagem wonten ing ngriki.

70 Ing kono para ahli kemayan dadi padha anjungkel, sumungkem; calathuné: Aku padha angèstu ing Pangérané Harun lan Musa.[a]

a. 930

فَأُلْقِيَ السَّحَرَةُ سُجَّدًا قَالُوٓا اٰمَنَّا بِرَبِّ هٰرُوْنَ وَمُوْسٰى ﴿٧٠﴾

71 (Fir'aun) calathu: Kowé padha angèstu marang dhèwèké ing sadurungé aku awèh palilah marang kowé; sayekti dhèwèké iku temen panggedhému kang mulang kemayan ing kowé; mulané bakal masthi padha dakkethok tanganmu sarta sikilmu aseling sisih, lan masthi kowé bakal dakpenthèng ing uwiting kurma, tuwin masthi kowé bakal padha weruh, sapa ing kono kang luwih keras lan luwih ageng siksané.

قَالَ اٰمَنْتُمْ لَهٗ قَبْلَ اَنْ اٰذَنَ لَكُمْ ۚ اِنَّهٗ لَكَبِيْرُكُمُ الَّذِيْ عَلَّمَكُمُ السِّحْرَ ۚ فَلَاُقَطِّعَنَّ اَيْدِيَكُمْ وَاَرْجُلَكُمْ مِّنْ خِلَافٍ وَّلَاُصَلِّبَنَّكُمْ فِيْ جُذُوْعِ النَّخْلِ وَلَتَعْلَمُنَّ اَيُّنَآ اَشَدُّ عَذَابًا وَّاَبْقٰى ﴿٧١﴾

72 Dhèwèké padha calathu: Kula sami boten milih panjenengan angungkuli bukti-bukti ingkang sampun dumugi ing kula sarta (angungkuli) Ingkang sampun anitahaken kula; milanipun panjenengan pancasi punapa (sakarsa) panjenengan amancasi; panjenengan punika namung saged mancasi gesang ing donya punika:

قَالُوْا لَنْ نُّؤْثِرَكَ عَلٰى مَا جَآءَنَا مِنَ الْبَيِّنٰتِ وَالَّذِيْ فَطَرَنَا فَاقْضِ مَآ اَنْتَ قَاضٍ ۗ اِنَّمَا تَقْضِيْ هٰذِهِ الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا ﴿٧٢﴾

73 Saèstu kula sami angèstu ing Pangéran kula, amurih Panjenenganipun angapunten kula ing kalepatan kula tuwin kemayan ingkang panjenengan peksakaken dhateng kula; lan Allah punika langkung saé tuwin Langkunglanggeng.

اِنَّآ اٰمَنَّا بِرَبِّنَا لِيَغْفِرَ لَنَا خَطٰيٰنَا وَمَآ اَكْرَهْتَنَا عَلَيْهِ مِنَ السِّحْرِ ۗ وَاللّٰهُ خَيْرٌ وَّاَبْقٰى ﴿٧٣﴾

74 Sayekti, sapa sing tumeka marang Pangérané kalawan dosa, lah sayekti bagéané naraka; ora bakal mati ana ing kono lan ora bakal urip.[1592]

اِنَّهٗ مَنْ يَّأْتِ رَبَّهٗ مُجْرِمًا فَاِنَّ لَهٗ جَهَنَّمَ ۗ لَا يَمُوْتُ فِيْهَا وَلَا يَحْيٰى ﴿٧٤﴾

1592. Tiyang ingkang wonten ing naraka boten gesang, awit gesang makaten ngemungaken badhé

Ar. *wong angèstu*

75 Lan sapa sing tumeka marang Panjenenganė kalawan *angèstu* (sarta) temen anglakoni panggawé becik, lah iki kang olèh darajat kang luhur.

وَمَنْ يَأْتِهِ مُؤْمِنًا قَدْ عَمِلَ الصّٰلِحٰتِ
فَأُولٰٓئِكَ لَهُمُ الدَّرَجٰتُ الْعُلٰى ﴿٧٥﴾

Ar. *ngisoré*

76 Patamanan langgeng, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ing kono; lan yaiku pituwasé wong kang anucèni diriné.

جَنّٰتُ عَدْنٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ
خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ۗ وَذٰلِكَ جَزٰٓؤُا مَنْ تَزَكّٰى ﴿٧٦﴾

RUKU' 4

Lalampahanipun Nabi Musa

77 Lan sayekti temen Ingsun wus amedhar sabda marang Musa, pangandika(-Ningsun): Lumakua ing wayah bengi karo para kawula-Ningsun, banjur dhèwèké padha sira gawèkna dalan garing ana ing sagara, aja sira kuwatir ketututan sarta aja sira wedi.[1593]

وَلَقَدْ اَوْحَيْنَآ اِلٰى مُوْسٰىٓ ۙ اَنْ
اَسْرِ بِعِبَادِيْ فَاضْرِبْ لَهُمْ طَرِيْقًا فِي
الْبَحْرِ يَبَسًا ۙ لَّا تَخٰفُ دَرَكًا وَّلَا تَخْشٰى ﴿٧٧﴾

Ar. *barang kang anungkep dhèwèké saka sagara anungkep dhèwèké*

78 Lan Fir'aun sawadaya-balané anututi dhèwèké, tumuli *sagara anungkep anyilep* (Fir'aun sawadya-balané).

فَاَتْبَعَهُمْ فِرْعَوْنُ بِجُنُوْدِهٖ فَغَشِيَهُمْ مِّنَ
الْيَمِّ مَا غَشِيَهُمْ ﴿٧٨﴾

79 Lan Fir'aun iku anasaraké bangsané tuwin ora nuntun ing dadalan bener.

وَاَضَلَّ فِرْعَوْنُ قَوْمَهٗ وَمَا هَدٰى ﴿٧٩﴾

a. 105

b. 790

80 O, turuning Israil! temen Ingsun wus anyalametaké sira saka ing mungsuhira, lan Ingsun wis aprajanjian karo sira ana ing lambunging gunung kang binarkahan[a] apa déné Ingsun wus anurunaké manna lan salwa marang sira.[b]

يٰبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ قَدْ اَنْجَيْنٰكُمْ مِّنْ
عَدُوِّكُمْ وَوٰعَدْنٰكُمْ جَانِبَ الطُّوْرِ الْاَيْمَنَ
وَنَزَّلْنَا عَلَيْكُمُ الْمَنَّ وَالسَّلْوٰى ﴿٨٠﴾

dipun paringaken dhateng para ingkang gesang ruhaninipun ing gesang sapunika punika; sarta boten badhé pejah, awit pejah makaten ateges kèndel anggènipun nandhang siksa.

1593. Punika anedahaken, bilih ing nalika wekdal wau ing saganten wonten marginipun ingkang garing. Sarta punika ugi anedahaken, bilih margi wau namung satunggal, déné margi kalihwelas iji

81 Padha mangana barang kang apik-apik paparing-Ingsun ing sira, lan aja padha lacut ing kono, mundhak bendu-Ningsun dadi bubuhanira, lan sapa-sapa kang kabubuhan bebendu-Ningsun, amasthi lebur.[1594]

كُلُوا مِن طَيِّبَاتِ مَا رَزَقْنَاكُمْ وَلَا تَطْغَوْا فِيهِ فَيَحِلَّ عَلَيْكُمْ غَضَبِي ۖ وَمَن يَحْلِلْ عَلَيْهِ غَضَبِي فَقَدْ هَوَىٰ ﴿٨١﴾

82 Lan sayekti ingsun iki temen banget Aparamarta marang sapa-sapa kang mratobat lan angèstu apa déné anglakoni panggawé becik tumuli lastari ngambah dadalan bener.

وَإِنِّي لَغَفَّارٌ لِّمَن تَابَ وَآمَنَ وَعَمِلَ صَالِحًا ثُمَّ اهْتَدَىٰ ﴿٨٢﴾

83 Lan apa ta karanané pang-gégénira saka kaumira, o, Musa?

وَمَا أَعْجَلَكَ عَن قَوْمِكَ يَا مُوسَىٰ ﴿٨٣﴾

84 Unjuké: Ing ngriki piyambak-ipun sami nurut tapak tilasing suku kawula saha anggèn kawula ang-gégé marek ing Tuwan, Pangéran kawula, punika amurih pirena Tuwan (ing kawula).

قَالَ هُمْ أُولَاءِ عَلَىٰ أَثَرِي وَعَجِلْتُ إِلَيْكَ رَبِّ لِتَرْضَىٰ ﴿٨٤﴾

85 Pangandikané: Lah sayekti temen Ingsun wus anyoba kaumira ing sapungkuré, lan padha di-sasaraké déning Samiri.[1595]

قَالَ فَإِنَّا قَدْ فَتَنَّا قَوْمَكَ مِن بَعْدِكَ وَأَضَلَّهُمُ السَّامِرِيُّ ﴿٨٥﴾

---

kados ingkang katerangaken déning para mufassir, punika boten kasebut wonten ing Quran Suci. Kula aturi mirsani ugi 82.

1594. *Halla*, punika dadosipun *fi'il mudlari'* : *yahillu* lan *yahullu*, déné *mashdar*-ipun sami inggih punika *halul*. حل عليه ingkang *mudlari'*-ipun *yahillu*, punika ateges *dadi bubuhané dhèwèké,* déné ingkang *mudlari'*-ipun *yahullu*, tegesipun *nibani dhèwèké* utawi *tumurun marang dhèwèké* (TA-LL). Rèhning tembung ingkang kasebut ing ngriki punika *jahillu*, boten *yahullu*, mila tegesipun ingkang leres tembung wau: *bendu Ningsun bakal dadi bubuhanira*.

1595. Punapa Samiri punika sawenèh luluhuripun tiyang Samaria punapa sanès, boten perlu karembag. Ayat punika namung anedahaken bilih sawenèh tiyang, nanging sanès Kanjeng Nabi Harun, tanggel jawab ing prakawis damel pedhèt wau. Manut kitab-kitab Yahudi (mirsanana *Yewish En*., art "Calf") sajakipun ingkang rumiyin piyambak nyuwun kadamelaken pedhèt punika titiyang Mesir ingkang tumut kaliyan para titiyang Israil. 'Athâ' gadhah pamanggih manut pahamipun I'Ab, bilih piyambakipun punika tiyang Mesir ingkang iman (angèstu) dhateng Kanjeng Nabi Musa sarta lajeng tumut kaliyan titiyang Israil (Rz). Pamanggih ingkang mastani bilih piyambakipun punika èwonipun titiyang ingkang sami nembah pedhèt, punika ugi wonten aluranipun saking I'Ab (Rz).

86 Tumuli Musa bali marang kaumé, kalawan nesu, prihatin. Calathuné: O, kaumku! apa Pangéranmu ora wus anjanjèni janjian kang becik marang kowé? Lah apa ta kelawasen tumrapé kowé waktuné, apa ta kowé iku angajab tumibaning bendu saka Pangéranmu ing kowé, déné kowé nganti padha ambalénjani janji(-mu) ing aku?

فَرَجَعَ مُوسَىٰٓ إِلَىٰ قَوْمِهِۦ غَضْبَٰنَ أَسِفًا ۚ
قَالَ يَٰقَوْمِ أَلَمْ يَعِدْكُمْ رَبُّكُمْ
وَعْدًا حَسَنًا ۚ أَفَطَالَ عَلَيْكُمُ
ٱلْعَهْدُ أَمْ أَرَدتُّمْ أَن يَحِلَّ
عَلَيْكُمْ غَضَبٌ مِّن رَّبِّكُمْ فَأَخْلَفْتُم
مَّوْعِدِى ﴿٨٦﴾

87 Padha acalathu: Anggèn kula ambalénjani janji (kula) ing sampéyan punika boten saking moga kula piyambak, ananging (amargi) kula sami dipun momoti momotan rajabrananipun kaum punika, lajeng sami kula sèlèhaken, lah kados makaten punika pamrayoginipun Samiri.[1596]

قَالُوا۟ مَآ أَخْلَفْنَا مَوْعِدَكَ بِمَلْكِنَا
وَلَٰكِنَّا حُمِّلْنَآ أَوْزَارًا مِّن زِينَةِ ٱلْقَوْمِ
فَقَذَفْنَٰهَا فَكَذَٰلِكَ أَلْقَى ٱلسَّامِرِىُّ ﴿٨٧﴾

88 Banjur iki anggawèkaké pedhèt ing dhèwèké, (namung arupa) awak, duwé swara; banjur dhèwèké padha calathu: Iki sesembahanmu sarta sesembahané Musa, ananging dhèwèké kelalèn.[1597]

فَأَخْرَجَ لَهُمْ عِجْلًا جَسَدًا لَّهُۥ خُوَارٌ
فَقَالُوا۟ هَٰذَآ إِلَٰهُكُمْ وَإِلَٰهُ مُوسَىٰ
فَنَسِىَ ﴿٨٨﴾

1596. Saged ugi titiyang Israil sami nyambut papaès saking titiyang Mesir, kados déné ingkang kasebut ing Pangentasan 12: 35, sarta ingkang dipun kajengaken ing ngriki punika saged ugi inggih papaès wau. Utawi saged ugi namung ateges, bilih bangsa Bani Israil ingkang taksih ngulandara punika, ingkang dèrèng kulina kaliyan barang-barang punika, lajeng sami nyangkok pakulinan punika saking titiyang Mesir, sarta ing sapunikanipun lajeng sami nyèlèhaken papaès wau margi saking pamrayoginipun Samiri. Limrahipun tembung فكذلك القى السامرى punika dipun suraos mengku teges, bilih Samiri inggih nyèlèhaken papaèsipun. Tembung *alqâ* punika pancèn inggih ateges *andhawahaken*, nanging ing ngriki punika lésanipun tembung *alqâ* wau boten kasebutaken. Atur wangsulanipun kaumipun Kanjeng Nabi Musa, kalayan terang anyebutaken bilih anggènipun sami gadhah tindak ingkang makaten wau, boten saking moganipun piyambak; awit saking punika, mila suraos ingkang kawengku wonten ing dhawuh ing wekasaning ayat punika boten sanès inggih pangojok-ojokipun Samiri ingkang katiyupaken dhateng manahipun kaum wau, Tembung القاه عليه punika tegesipun: *niyupaken dhateng manah* utawi *anggodha* (Kull-LL). Tembung wau ugi ateges *ngaken nyerat* (Msb-LL). Dados *kadhâlika*, ingkang tegesipun *lah kaya mangkono iku*, punika wangsul dhateng maksud badhé nyèlèhaken papaès-papaès wau.

1597. Miturut l'Ab, pedhèt wau boten saged nyuwanten lan boten gadhah roh; déné suwantenipun wau tuwuh sabab saking angin ingkang lumampah medal ing growonganing awak-awakan ingkang kadamel saking métal wau (JB)

89 Lah apa ta padha ora weruh, manawa iku ora bisa amangsuli calathu marang dhèwèké sarta ora bisa agawé pituna lan ora (bisa agawé) piguna.[1598]

أَفَلَا يَرَوْنَ أَلَّا يَرْجِعُ إِلَيْهِمْ قَوْلًا ۙ
وَلَا يَمْلِكُ لَهُمْ ضَرًّا وَلَا نَفْعًا ﴿٨٩﴾

RUKU' 5

Lalampahanipun Nabi Musa: Kautusipun kanjeng Nabi Suci

90 Lan temen ing sadurungé iku Harun wus calathu marang dhèwèké: É, kaumku! iku mung kanggo nyoba kowé padha, lan sayekti Pangéranmu iku Ingkang-Mahamurah, mula padha manuta aku sarta ambangunturuta paréntahku.[1599]

وَلَقَدْ قَالَ لَهُمْ هَارُونُ مِن قَبْلُ
يَا قَوْمِ إِنَّمَا فُتِنتُم بِهِ ۖ وَإِنَّ رَبَّكُمُ
الرَّحْمَٰنُ فَاتَّبِعُونِي وَأَطِيعُوا أَمْرِي ﴿٩٠﴾

91 Padha calathu: Boten pisan kula sami badhé amantuni anggèn kula manembah punika, ngantos sawangsulipun (Nabi) Musa *mriki.*

Ar. *dhateng kula*

قَالُوا لَن نَّبْرَحَ عَلَيْهِ عَاكِفِينَ حَتَّىٰ
يَرْجِعَ إِلَيْنَا مُوسَىٰ ﴿٩١﴾

92 (Musa) calathu: O, (kakang) Harun! punapa ingkang ngalang-alangi sampéyan nalika sampéyan sumerep piyambakipun sami sasar,

قَالَ يَا هَارُونُ مَا مَنَعَكَ إِذْ رَأَيْتَهُمْ ضَلُّوا ﴿٩٢﴾

93 Déné sampéyan boten manut kawula? Punapa sampéyan anglirwakaken paréntah kula?

أَلَّا تَتَّبِعَنِ ۖ أَفَعَصَيْتَ أَمْرِي ﴿٩٣﴾

94 Calathuné: O, putrané sibu! Aja sariramu nyekel jenggotku *lan* sirahku; sayekti aku iki kuwatir, manawa sariramu bakal ngandika:

Ar. *lan aja*

قَالَ يَا ابْنَ أُمَّ لَا تَأْخُذْ بِلِحْيَتِي وَلَا
بِرَأْسِي ۖ إِنِّي خَشِيتُ أَن تَقُولَ فَرَّقْتَ

1598. Bukti ingkang kawarsitakaken ing ayat punika anedahaken, bilih Quran Suci nglepataken sanget nembah sawarnining sesembahan ingkang boten saged mangsuli panyuwunipun para ingkang sami nembah lan boten saged nguwaosi pepesthènipun. Dados manawi makaten, manut bukti punika, para ingkang leres anggènipun manembah ing Pangéran punika mesthi dipun pinangkani panyuwunipun.

1599. Manut ayat punika, tétéla bilih Kanjeng Nabi Harun punika boten tumut-tumut damel pedhèt, malah kosokwangsulipun, panjenenganipun ngawisi umatipun nembah pedhèt. Lah ing ngriki Quran sulaya kaliyan Bébel, awit ing ngriki Quran andhawuhaken, bilih Kanjeng Nabi Harun, nabinipun Allah, suci saking dosa nyakuthokaken Allah.

بَيْنَ بَنِيٓ إِسْرَآءِيلَ وَلَمْ تَرْقُبْ قَوْلِي ﴿٩٤﴾

Sampéyan adamel pepecahan antawisipun para turun Israil sarta boten angentosi pirembag kula.

قَالَ فَمَا خَطْبُكَ يَٰسَٰمِرِيُّ ﴿٩٥﴾

95 Calathuné: Lah apa ta sedyamu, o, Samiri?

قَالَ بَصُرْتُ بِمَا لَمْ يَبْصُرُوا۟ بِهِۦ
فَقَبَضْتُ قَبْضَةً مِّنْ أَثَرِ ٱلرَّسُولِ
فَنَبَذْتُهَا وَكَذَٰلِكَ سَوَّلَتْ لِي نَفْسِي ﴿٩٦﴾

96 Calathuné: Kula sumerep barang ingkang piyambakipun sami boten sumerep, lan kula miturut *lampahipun* utusan namung sapérangan, tumunten punika kula bucal; kados makaten jiwa kula anggènipun amaès-maèsi (punika) tumrapipun kula.[1600]

Ut. *tapak tilasipun padanipun*

قَالَ فَٱذْهَبْ فَإِنَّ لَكَ فِي ٱلْحَيَوٰةِ أَن
تَقُولَ لَا مِسَاسَ ۖ وَإِنَّ لَكَ مَوْعِدًا لَّن
تُخْلَفَهُۥ ۖ وَٱنظُرْ إِلَىٰٓ إِلَٰهِكَ ٱلَّذِي ظَلْتَ
عَلَيْهِ عَاكِفًا ۖ لَّنُحَرِّقَنَّهُۥ ثُمَّ
لَنَنسِفَنَّهُۥ فِي ٱلْيَمِّ نَسْفًا ﴿٩٧﴾

97 Calathuné: Lah lungaa, sayekti tumrapé kowé, ing urip iki, mungguh yèn calathua: Aja anggepok (aku); lan sayekti ana pangancam tumrap marang kowé, kang ora kena kosinggahi, sarta andelenga marang sesembahanmu, kang tansah dadi paraning panembahmu; iku masthi bakal dakobong, tumuli bakal dakawut-awut sumebar ing sagara.[1601]

1600. Dodongèngan-dodongèngan ingkang kadamel awit saking dhawuh ingkang terang gamblang قبضت قبضة من اثر الرسول punika boten pantes dipun pèngeti. Kados cekap katerangaken kémawon, dalasan Rz inggih boten ajeng dhateng dodongèngan-dodongèngan wau. Cariyos ingkang nerangaken bilih utusan wau malaikat Jibril, punika namung panginten-inten balaka. Makaten ugi dodongèngan bilih malaikat Jibril numpak kapal, sarta اثر الرسول (ingkang wantahipun ateges *tapak tilasing padanipun utusan*) dipun tegesi *tapaking taracakipun kapal*, punika lugu namung pangothak-athik, babar pisan boten wontenipun saking Quran. *Rasul* utawi *utusan*, punika terang manawi Kanjeng Nabi Musa piyambak; *atsar*ipun punika tegesipun *sunnah*ipun, inggih punika *tindak saha pangandikanipun*, serta teges makaten punika sadaya para ahli mesthi angrujuki (LL), awit tembung wau wonten ing kitab-kitabipun agami kaum Muslimin sampun misuwur lan sampun kelimrah mengku teges makaten wau. Déné tembung *qabdlatun*, punika *mendhet* utawi *manut tindak wau namung ing sapérangan,* awit *qabdlatun* makaten ateges *mendhet sapendhetan*, utawi *namung satekem*, liripun *namung sabagéan ali*t. Dados tegesipun sampun cetha: tiyang ingkang damel pedhèt, ngaken anggadhahi pangertosan dhateng barang-barang langkung katimbang titiyang Israil, sarta ngakeni bilih namung sapérangan piwulangipun Kanjeng Nabi Musa ingkang dipun anggé, tuwin walèh bilih piwulang ingkang namung sapérangan wau, ing sapunikanipun dipun bucal pisan sarta lajeng damel pedhèt dipun anggé sesembahan.

1601. Punika nedahaken bilih awuning pedhèt wau kacemplungaken ing saganten, dados dodongèngan ingkang nyariyosaken, bilih titiyang Israil dipun ombèni toya ingkang kacampuran

98 Sesembahanira iku mung Allah; ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; panjenengané ngemot samubarang ‘ilmu(-Né).

إِنَّمَآ إِلٰهُكُمُ اللّٰهُ الَّذِىْ لَآ إِلٰهَ إِلَّا
هُوَ ۚ وَسِعَ كُلَّ شَىْءٍ عِلْمًا ﴿٩٨﴾

99 Kaya mangkono anggon-Ingsun anyaritakaké marang sira sawenèhing pawartané barang kang wus kalakon biyèn; lan sayekti Ingsun wus aparing Pépéling marang sira saka ngarsa-Ningsun.

كَذٰلِكَ نَقُصُّ عَلَيْكَ مِنْ أَنْبَآءِ مَا
قَدْ سَبَقَ ۚ وَقَدْ اٰتَيْنٰكَ مِنْ
لَّدُنَّا ذِكْرًا ﴿٩٩﴾

100 Sapa sing malèngos saka ing kono, lah sayekti dhèwèké iku ing dina kiyamat bakal anggéndhong momotan.

مَنْ أَعْرَضَ عَنْهُ فَإِنَّهُ يَحْمِلُ
يَوْمَ الْقِيٰمَةِ وِزْرًا ﴿١٠٠﴾

101 Padha manggon ing (kahanan) kono, lan ing dina kiyamat ala bakal sasanggané tumrap dhèwèké:

خٰلِدِيْنَ فِيْهِ ۖ وَسَآءَ لَهُمْ يَوْمَ
الْقِيٰمَةِ حِمْلًا ﴿١٠١﴾

102 Ing dina nalika salomprèt bakal sinebul sarta Ingsun bakal angimpun para wong dosa, padha biru mripaté, ing dina iku;[1601A]

يَوْمَ يُنْفَخُ فِى الصُّوْرِ وَنَحْشُرُ
الْمُجْرِمِيْنَ يَوْمَئِذٍ زُرْقًا ﴿١٠٢﴾

103 Dhèwèké padha rerembugan sisidheman: Anggonmu padha manggon mung sapuluh (abad).[1602]

يَتَخَافَتُوْنَ بَيْنَهُمْ إِنْ لَّبِثْتُمْ
إِلَّا عَشْرًا ﴿١٠٣﴾

---

awuning pedhèt, punika babar pisan boten dipun akeni déning Quran Suci (mirsanana 137). Pidana ingkang kapatrapaken dhateng Samiri, inggih punika kasébrataken saking babrayan, piyambakipun ingawisan boten kénging sasambetan utawi lalayanan kaliyan titiyang Israil.

1601A. Tembung *zurqâ* punika tegesipun *mripat biru*, sarta punika minangka cirinipun bangsa, ingkang ing ngriki kapangandikakaken badhé dipun impun punika. Miturut Bd, mripat biru punika mripatipun tiyang *Rum* (inggih punika bangsa Yunani utawi bangsa Rum). Bangsa Arab gething sanget dhateng bangsa *Rum* wau, lan bangsa Arab sami gadhah panganggep, bilih awon-awoning mripat punika mripat biru. Tembung punika ugi ateges *wuta*; cocogipun kaliyan dhawuhing ayat 124, inggih punika ing dinten kiyamat para titiyang dosa sami badhé dipun tangèkaken wuta.

1602. Lésanipun tembung ‘*asyrâ* (*sadasa*) boten kasebutaken. Nanging kados déné ingkang kadhawuhaken ing panggènan sanès, para titiyang ingkang tresna ing dosa sami kepéngin sanget sageda gesang ngantos sèwu taun (2: 96), sarta para titiyang wau sami kapangandikanan, bilih nadyan dipun parengna saged gesang ngantos samanten dangunipun wau, meksa inggih boten saged nebihaken piyambakipun saking siksa. Lah nitik punika, sajakipun ingkang dipun kajengaken ing ngriki punika, para titiyang wau sami badhé ngalami karaharjan ngantos sadasa abad laminipun. Utawi, manawi sadasa wau kasuraos sadasa dinten, tumrap umuripun satunggaling bangsa, sadasa dinten punika inggih ateges sadasa abad.

104 Ingsun luwih wikan marang apa rerembugané, nalika kang becik dhéwé lakuné acalathu: Olèhmu padha manggon iku mung sadina.[1603]

نَحْنُ أَعْلَمُ بِمَا يَقُولُونَ إِذْ يَقُولُ أَمْثَلُهُمْ طَرِيقَةً إِن لَّبِثْتُمْ إِلَّا يَوْمًا ﴿١٠٤﴾

RUKU' 6

Ingkang sami angalang-alangi Kanjeng Nabi sami dipun asoraken

105-111. Para gugununganipun ingkang sami mengsahi badhé sami dados teluk. 112. Kamenenganipun para ingkang sami angèstu. 113-115. Pèpènget.

Ut. *gugu-nungan, jejenggul*

105 Lan dhèwèké padha takon marang sira prakara *gunung-gunung*. Lah wangsulana: Iki bakal padha binedol rungkad déning Pangéranku.

وَيَسْأَلُونَكَ عَنِ الْجِبَالِ فَقُلْ يَنسِفُهَا رَبِّي نَسْفًا ﴿١٠٥﴾

106 Banjur ginawé rata angenthak-enthak,[1604]

فَيَذَرُهَا قَاعًا صَفْصَفًا ﴿١٠٦﴾

Ar. *lan ora*

107 Ing kono sira ora bakal andeleng kang mèncèng *lan kang* mendhak mandhukul.

لَّا تَرَىٰ فِيهَا عِوَجًا وَلَا أَمْتًا ﴿١٠٧﴾

108 Ing dina iku dhèwèké bakal padha miturut juru-anguwuh; iki ora ana malèncèngé, lan swara-swara bakal lirih ana ngarsané Ingkang-Mahamurah, mulané sira ora bakal ngrungu kajaba kalesik-kalesik.[1605]

يَوْمَئِذٍ يَتَّبِعُونَ الدَّاعِيَ لَا عِوَجَ لَهُ ۖ وَخَشَعَتِ الْأَصْوَاتُ لِلرَّحْمَٰنِ فَلَا تَسْمَعُ إِلَّا هَمْسًا ﴿١٠٨﴾

1603. Jalaran sadinten punika sami kaliyan sèwu taun. Mirsanana 22: 47: "Lan dhèwèké padha anjaluk marang sira anggégé siksa, lan ora bakal Allah iku anulayani janji-Né, lan sayekti, sadina mungguhing Allah iku kaya sèwu taun miturut pangétungmu." Tiyang ingkang sinebut *kang becik dhéwé lakuné*, punika tiyang ingkang ngèngetaken piyambakipun dhateng janjining Pangéran punika.

1604. Tembung *jabal* punika tegesipun *redi*, sarta inggih ateges *gustinipun* utawi *sesepuhipun satunggaling kaum* (Q, TA-LL). Nitik suraosing sasambetanipun dhawuh, teges ingkang kasebut kantun wau ingkang kakarsakaken kagem wonten ing ngriki punika. Mirsanana ayat 108: "Ing dina iku dhèwèké bakal padha miturut juru-anguwuh." Makaten ugi tumrap ayat kakalih candhakipun, kedahipun kasuraos manut teges wau, terangipun: ayat kakalih wau nerangaken sumingkiripun sawarnining alangan ingkang ngalang-alangi sumiyaripun yakti.

1605. Juru-anguwuh ingkang boten wonten malèncèngipun, punika boten sanès kajawi inggih Kanjeng Nabi Suci piyambak, kados déné ingkang kalayan cetha kasebutaken ing panggènan sanès makaten: "Kang wus anurunaké Kitab marang kawula-Né, sarta ing jeroné Panjenengané ora adamel bèngkong (utawi: sarta Panjenengané ora adamel dhèwèké bèngkong)" (l8: 1). Kalayan cetha sagemblenging ayat punika anerangaken jaman nalika Islam sampun saged jumeneng kanthi sampurna, lah ing wekdal punika ingkang milawani sampun boten wonten malih, malah *swara-swara bakal lirih* wonten ing ngarsanipun Pangéran Ingkang-Mahamurah. Déné suwanten lirih, punika pratandha sumarah.

a. 339, 79

109 Ing dina iku ora ana pantara kang migunani[a] kajaba pantarané sapa-sapa kang olèh idiné Ingkang-Mahamurah sarta kang pangucapé olèh pirenané Panjenengané.

يَوْمَئِذٍ لَّا تَنفَعُ الشَّفَاعَةُ إِلَّا مَنْ
أَذِنَ لَهُ الرَّحْمَٰنُ وَرَضِيَ لَهُ قَوْلًا ﴿١٠٩﴾

110 Panjenengané angudanèni apa kang ana ing sangarepé lan apa kang ana ing saburiné, sarta iku dhèwèké ora nyakup ing kawruh.

يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ
وَلَا يُحِيطُونَ بِهِ عِلْمًا ﴿١١٠﴾

Ut. *kepala-né*

111 Lan *rainé* bakal padha tumungkul ana ing ngarsané Ingkang-Gesang, Ingkang-Jumeneng Pribadi, sarta temen kapitunan sapa kang anggéndhong panganiaya.

وَعَنَتِ الْوُجُوهُ لِلْحَيِّ الْقَيُّومِ ۖ وَقَدْ
خَابَ مَنْ حَمَلَ ظُلْمًا ﴿١١١﴾

112 Lan sapa sing nglakoni panggawé becik sarta dhèwèké iku wong angèstu, lah ora bakal kuwatir marang panganiaya tuwin ora (bakal kuwatir) cinandhet bagéané.

وَمَن يَعْمَلْ مِنَ الصَّالِحَاتِ وَهُوَ
مُؤْمِنٌ فَلَا يَخَافُ ظُلْمًا وَلَا هَضْمًا ﴿١١٢﴾

113 Lan kaya mangkono anggon-Ingsun anurunaké Quran basa Arab, sarta ing jeroné Ingsun amijang-mijangaké pangancam-pangancam, supaya dhèwèké padha anjaga dhiriné (saka ing ala), utawa (supaya) dadia pépéling tumrap marang dhèwèké.

وَكَذَٰلِكَ أَنزَلْنَاهُ قُرْآنًا عَرَبِيًّا وَ
صَرَّفْنَا فِيهِ مِنَ الْوَعِيدِ لَعَلَّهُمْ
يَتَّقُونَ أَوْ يُحْدِثُ لَهُمْ ذِكْرًا ﴿١١٣﴾

114 Mulané Mahaluhur Allah iku, Ratu, Ingkang-Mahayakti; lan aja anggégé marang Quran ing sadurungé sampurna kawedharaké marang sira, sarta calathua: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing wewah kawruh dhateng kawula.[1606]

فَتَعَالَى اللَّهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ ۗ وَلَا تَعْجَلْ
بِالْقُرْآنِ مِن قَبْلِ أَن يُقْضَىٰ إِلَيْكَ
وَحْيُهُ ۖ وَقُل رَّبِّ زِدْنِي عِلْمًا ﴿١١٤﴾

1606. Anggégé dhateng Quran ateges brangtanipun Kanjeng Nabi Suci, supados pèpènget dhateng titiyang kafir punika kadhawuhan kalayan dhawuh ingkang terang gamblang, murih para kafir saged ngalap paédah saking ngriku. Punika sampun katerangaken kanthi panjang wonten ing 2614.

115 Lan temen Ingsun wus aparing dhawuh marang Adam ing biyèn, ananging dhèwèké lali, lan Ingsun ora *nguningani* ing dhèwèké iku duwé kakencengan (arep andaga dhawuh).[1607]

Ar. *nemu*

وَلَقَدْ عَهِدْنَآ إِلَىٰٓ ءَادَمَ مِن قَبْلُ فَنَسِىَ وَلَمْ نَجِدْ لَهُۥ عَزْمًا ﴿١١٥﴾

RUKU' 7

Panasaranipun sétan

116-121. Sétan anasaraken. 122, 123. Allah punika asifat wilasa. 124-128. Wuta ruhani.

116 Lan nalikané Ingsun angandika marang para malaikat: Padha sumungkema marang Adam,[a] banjur padha sumungkem nanging iblis ora;[b] dhèwèké mopo.

a. 56
b. 57, 58

وَإِذْ قُلْنَا لِلْمَلَٰٓئِكَةِ ٱسْجُدُوا۟ لِءَادَمَ فَسَجَدُوٓا۟ إِلَّآ إِبْلِيسَ أَبَىٰ ﴿١١٦﴾

117 Tumuli Ingsun angandika: É, Adam! sayekti iki mungsuh tumrap sira lan tumrap bojonira, mulané aja nganti sira sakaloron diwetokaké saka ing taman,[c] mundhak cilaka:

c. 60

فَقُلْنَا يَٰٓـَٔادَمُ إِنَّ هَٰذَا عَدُوٌّ لَّكَ وَلِزَوْجِكَ فَلَا يُخْرِجَنَّكُمَا مِنَ ٱلْجَنَّةِ فَتَشْقَىٰٓ ﴿١١٧﴾

118 Sayekti ana ing kono sira (tinamtu), yèn ora bakal kaluwèn lan ora bakal kawudan;

إِنَّ لَكَ أَلَّا تَجُوعَ فِيهَا وَلَا تَعْرَىٰ ﴿١١٨﴾

119 Lan ana ing kono (tinamtu), yèn sira ora bakal kasatan lan ora bakal kapanasan.[1608]

وَأَنَّكَ لَا تَظْمَؤُا۟ فِيهَا وَلَا تَضْحَىٰ ﴿١١٩﴾

120 Ananging sétan ambibisiki ala marang dhèwèké, calathuné: É, Adam! apa kowé gelem dak tuntun marang wit urip langgeng sarta karaton kang ora bakal rusak?

فَوَسْوَسَ إِلَيْهِ ٱلشَّيْطَٰنُ قَالَ يَٰٓـَٔادَمُ هَلْ أَدُلُّكَ عَلَىٰ شَجَرَةِ ٱلْخُلْدِ وَمُلْكٍ لَّا يَبْلَىٰ ﴿١٢٠﴾

1607. Punika anedahaken bilih kalepatanipun Adam punika boten margi dipun temaha, milanipun awawaton punika Adam boten kénging winastan dosa.

1608. Taman ingkang gambaripun kawarsitakaken wonten ing ngriki, punika taman ing bumi, ing ngriku sadaya kasenengan ingkang kabetahaken déning manusa dipun cekapi. Tembung *ana ing kono sira ora bakal kaluwèn*, punika kedah dipun cundhukaken kaliyan dhawuh ingkang kasebutaken ing panggènan sanès: *sarta mangana wetuné, umbaran endi ing sakarepira* (2: 35). Sacara ngibarat punika ateges kawontenan seneng-marem utawi kawontenan tentrem-jenjem, inggih punika kawontenan

Ar. *saka ing kono*

a. 866

b. 867

121 Tumuli sakaroné padha mangan *iku*; mulané tumiyungé marang ala dadi cumetha tumrap sakaroné[a], sarta sakaroné banjur anutupi awaké sarana gogodongan-ing taman,[b] lan Adam iku andaga ing Pangérané, mulané (dhèwèké) dadi rusak uripé.[1609]

فَأَكَلَا مِنْهَا فَبَدَتْ لَهُمَا سَوْءَاتُهُمَا وَطَفِقَا يَخْصِفَانِ عَلَيْهِمَا مِن وَرَقِ الْجَنَّةِ ۚ وَعَصَىٰ آدَمُ رَبَّهُ فَغَوَىٰ ﴿١٢١﴾

122 Tumuli Pangérané amilih dhèwèké, mulané Panjenengané bali (wilasa-Né) marang dhèwèké sarta anuntun (dhèwèké).

ثُمَّ اجْتَبَاهُ رَبُّهُ فَتَابَ عَلَيْهِ وَهَدَىٰ ﴿١٢٢﴾

123 Panjenengané angandika: Padha lungaa saka ing kono sakaromu, kabèh, sawenèhmu iku mungsuh tumrap sawenèhé. Mulané sayekti bakal tumeka marang sira tuntunan Ingsun; lah sapa sing manut tuntunan-Ingsun, ya ora bakal sasar ora bakal cilaka;

قَالَ اهْبِطَا مِنْهَا جَمِيعًا ۖ بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ عَدُوٌّ ۖ فَإِمَّا يَأْتِيَنَّكُم مِّنِّي هُدًى فَمَنِ اتَّبَعَ هُدَايَ فَلَا يَضِلُّ وَلَا يَشْقَىٰ ﴿١٢٣﴾

124 Lan sapa sing malèngos saka pépéling-Ingsun, lan sayekti bakal olèh panguripan rupek, lan ing dina kiyamat bakal Ingsun tangèkaké wuta.[1610]

وَمَنْ أَعْرَضَ عَن ذِكْرِي فَإِنَّ لَهُ مَعِيشَةً ضَنكًا وَنَحْشُرُهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ أَعْمَىٰ ﴿١٢٤﴾

---

ingkang ing ngriku boten wonten osik ingkang tumiyung dhateng saé utawi dhateng awon, awit kawontenan wau kénging winastan kawontenan kèndel jenjem, tanpa wonten pambudidaya utawi pamrih.

1609. Tembung *gawâ* déning Rgh katerangaken mengku teges فسد عليه عيشه *dadi rusak uripé*. Tembung punika ugi dipun werdéni ateges: *dhèwèké kacuwan, utawi dhèwèké tumindak kaya pakartiné wong bodho* (TA-LL).

Kedah dipun pèngeti, bilih gambaring taman ingkang katerangaken ing nginggil, ing ayat 118 lan 119, punika wonten prakawis warni sakawan ingkang kasebutaken; nanging angsal-angsalanipun manawi kawedalaken saking kawontenan wau namung wonten satunggal, inggih punika *tumiyungé marang ala utawi wawadiné dadi cumetha tumrap sakaroné*. Kateranganipun punika, kasebut wonten ing 7: 26; lah ing ngriku kadhawuhaken: "É, turuné Adam! sayekti Ingsun wus anurunaké sandhangan marang sira kanggo nutupi wawadinira, tuwin (sandhangan) minangka papaès; lan sandhangan bekti, lah iki kang luwih becik." Dados menggah ing sajatos-jatosipun, ingkang kapangandikakaken wonten ngriki, punika sandhangan ingkang rumeksa saking awon; déné cumethaning wawados, punika ateges ngrumaosi sampun anindakaken sawenèhing barang ingkang awon. Dados sifatipun ngibarat cariyos Adam ingkang wongsal-wangsul kacariyosaken, punika sampun terang. Salajengipun badhé katingal bilih usada ingkang katerangaken déning Quran Suci, punika asifat ruhani: "Mulané, samangsa ana tuntunan saka Ingsun tumeka marang sira, lah sing sapa manut tuntunan-Ingsun, ya padha ora bakal kataman kuwatir sarta ora bakal padha susah" (2: 38). Lah punika anedahaken bilih menggah ing

1610. *Mirsanana kaca candhakipun.*

قَالَ رَبِّ لِمَ حَشَرْتَنِيٓ أَعْمَىٰ وَقَدْ كُنتُ بَصِيرًا ﴿١٢٥﴾

125 Dhèwèké bakal munjuk: Pangéran kawula! punapaa déné kawula Tuwan tangèkaken wuta, *mangka* kula punika saèstu waunipun tiyang melèk?

Ar. *lan*

قَالَ كَذَٰلِكَ أَتَتْكَ ءَايَٰتُنَا فَنَسِيتَهَا ۖ وَكَذَٰلِكَ ٱلْيَوْمَ تُنسَىٰ ﴿١٢٦﴾

126 Panjenengané bakal ngandika: (Iya) kaya mangkono (iku); timbalan-timbalan-Ingsun wus tumeka marang sira, ananging sira anglirwakaké iku; *lah* kaya mangkono uga saiki sira bakal linirwakaké.

Ar. *lan*

وَكَذَٰلِكَ نَجْزِى مَنْ أَسْرَفَ وَلَمْ يُؤْمِنۢ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِۦ ۚ وَلَعَذَابُ ٱلْءَاخِرَةِ أَشَدُّ وَأَبْقَىٰٓ ﴿١٢٧﴾

127 Lan kaya mangkono iku anggon-Ingsun aparing wawales wong kang angliwati wates sarta ora angèstu marang timbalan-timbalaning Pangérané; lan sayekti siksa ing akhirat iku luwih abanget lan luwih langgeng.

أَفَلَمْ يَهْدِ لَهُمْ كَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُم مِّنَ ٱلْقُرُونِ يَمْشُونَ فِى مَسَٰكِنِهِمْ ۗ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّأُو۟لِى ٱلنُّهَىٰ ﴿١٢٨﴾

128 Lah apa ta padha durung olèh tuntunan, wis sapira ta bangsa-bangsa ing sadurungé dhèwèké, kang dhèwèké iku wis padha ngambah padununganė, kang wus Ingsun lebur? Sayekti, ing kono iku ana tandha-tandha tumrap wong kang kasinungan akal.

RUKU' 8

Pidana punika sampun masthi

وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِن رَّبِّكَ لَكَانَ لِزَامًا وَأَجَلٌ مُّسَمًّى ﴿١٢٩﴾

129 Lan lamun ora anaa sabda (kang) wus miyos saka Pangéranira sarta waktu kang wus tinamtu, amasthi bakal ginawé tetep (nunggal kalawan dhèwèké).[1610A]

---

sajatos-jatosipun prakawis ingkang dados rembag wonten ing dalem cariyos Adam, punika bab gesangipun manusa ingkang ruhani, sanès ingkang jasmani. Bab punika kacethakaken malih déning ayat-ayat sambetipun, inggih punika ayat 123 lan 124.

1610. Kados ingkang sampun keterangaken ing nginggil, *panguripan rupek*, punika menggah ing sajatos-jatosipun panggesangan rupek ruhani, awit ingkang kapangandikakaken déning Quran Suci ing ngriki, gesangipun manusa ingkang ruhani.

1610A. Tuwan Rodwell lan tuwan Palmer lepat anggènipun anjarwakaken dhawuh punika.

130 Mulané disabar marang apa pangucapé sarta Mahasucèkna Pangéranira kalawan pangalembana ing sadurungé mlethèking srengéngé lan sadurungé surupé, apa déné ing sajroning wayah wengi iya mahasucèkna (Panjenengané),
Ar. *lan* *mangkono uga* ing péranganing awan, supaya sira apirena.[1610B]

فَاصْبِرْ عَلٰى مَا يَقُوْلُوْنَ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ قَبْلَ طُلُوْعِ الشَّمْسِ وَقَبْلَ غُرُوْبِهَا ۚ وَمِنْ اٰنَآئِ الَّيْلِ فَسَبِّحْ وَاَطْرَافَ النَّهَارِ لَعَلَّكَ تَرْضٰى ﴿١٣١﴾

131 Lan mripatira loro aja mandeng marang barang gebyar-gebyaring donya kang Ingsun anggo sadhiyan marang sarupaning papanthaning dhèwèké, supaya ing kono Ingsun bisa aparing coba marang dhèwèké; lan rijekiné Pangéranira iku luwih becik sarta luwih langgeng.

وَلَا تَمُدَّنَّ عَيْنَيْكَ اِلٰى مَا مَتَّعْنَا بِهٖٓ اَزْوَاجًا مِّنْهُمْ زَهْرَةَ الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۙ لِنَفْتِنَهُمْ فِيْهِ ؕ وَرِزْقُ رَبِّكَ خَيْرٌ وَّاَبْقٰى ﴿١٣٢﴾

a. 917a
132 Lan pandhèrèkira[a] sira paréntahana salat sarta tetep mantep ing (salat) iku; Ingsun ora mundhut rijeki marang sira; Ingsun aparing rijeki marang sira sarta kawusanan (kang becik) tumrap anjaga dhiri (saka ing ala).

وَاْمُرْ اَهْلَكَ بِالصَّلٰوةِ وَاصْطَبِرْ عَلَيْهَا ؕ لَا نَسْـَٔلُكَ رِزْقًا ؕ نَحْنُ نَرْزُقُكَ ؕ وَالْعَاقِبَةُ لِلتَّقْوٰى ﴿١٣٣﴾

Maksudipun dhawuh punika sampun terang. Para kafir sami anggégé dhumawahing siksa ingkang kajanjèkaken. Nanging piyambakipun sami dipun paringi dhawuh, bilih sadangunipun Kanjeng Nabi Suci taksih nunggil kaliyan piyambakipun, piyambakipun boten badhé dipun dhawahi siksa. Lah inggih punika sabda ingkang sampun kawiyos punika. Déné wekdal ingkang sampun tinamtu, punika perang Badar, ingkang wonten ing Quran Suci, asring kapangandikakaken bilih punika titimangsaning panguwaosipun mengsah ingkang ambeg siya wiwit gonjing. Mirsanana 982.

1610B. Kanjeng Nabi kadhawuhan ingkang sabar nandhang panganiaya ing sawatawis wekdal, nanging ing salebetipun makaten ugi kadhawuhan ngupados panglipur wonten ing dalem salat. Lah inggih awit saking punika mila dhawuh supados sabar wau lajeng tinungka ing dhawuh supados salat. Sarta inggih saèstu, ing salebetipun nandhang panganiaya ingkang sakalangkung sanget wau, panjenenganipun angsal panglipur wonten ing dalem salat. Dipun riwayataken bilih panjenenganipun naté ngandika makaten: "Adheming mripatku iku ana ing dalem salat." Ayat punika mangandikakaken salat wajib gangsal wekdal lan salat sunnat warni kalih. Sadèrènging mlethèkipun surya, punika salat *subuh*, sadèrènging surupipun surya, punika salat '*ashr*. Salat warni tiga, *magrib*, '*isya'* lan *tahajjud* (ingkang kasebut kantun piyambak punika salat sunnat), punika wekdalipun ing selebetipun wanci dalu. Déné ing péranganing siang, punika salat *dzuhur* lan salat *dluha*; namung salat *dluha* punika sunnat, inggih punika salat ingkang celak ingkang katindakaken sadèrèngipun wanci tengangé, déné salat *dzuhur* wancinipun sasampunipun lingsir surya (sasampunipun wanci bedhug ing tengahing raina).

133 Lan padha calathu: Yagéné dhèwèké ora anekakaké pratandha saka Pangérané marang aku kabèh? Apa durung tumeka marang dhèwèké kabèh bukti kang cetha tumrap barang kang ana sajroning kitab-kitab kuno?[1610C]

وَقَالُوا لَوْلَا يَأْتِينَا بِآيَةٍ مِّن رَّبِّهِ ۚ أَوَلَمْ
تَأْتِهِم بَيِّنَةُ مَا فِي الصُّحُفِ الْأُولَىٰ ﴿١٣٣﴾

134 Lan saupama dhèwèké padha Ingsun lebura kalawan siksa ing sadurungé *iki*, amasthi padha calathu; Dhuh, Pangéran kawula! punapaa Tuwan boten angutus utusan dumateng kawula, dados kawula lajeng saged miturut timbalan-timbalan Tuwan ing sadèrèngipun kawula sami dumawah ing ina sarta kawirangan

وَلَوْ أَنَّا أَهْلَكْنَاهُم بِعَذَابٍ مِّن قَبْلِهِ لَقَالُوا
رَبَّنَا لَوْلَا أَرْسَلْتَ إِلَيْنَا رَسُولًا فَنَتَّبِعَ
آيَاتِكَ مِن قَبْلِ أَن نَّذِلَّ وَنَخْزَىٰ ﴿١٣٤﴾

135 Calathua: kabèh baé (aku iki) padha angentèni, mulané padha angentènana, banjur kowé bakal padha weruh, sapa kang angambah dalan kang rata lan sapa sing manut dalan bener.

قُلْ كُلٌّ مُّتَرَبِّصٌ فَتَرَبَّصُوا ۖ فَسَتَعْلَمُونَ
مَنْ أَصْحَابُ الصِّرَاطِ السَّوِيِّ وَمَنِ
اهْتَدَىٰ ﴿١٣٥﴾

1610C. Ing ngriki Quran Suci kasebut bukti ingkang cetha tumrap barang ingkang wonten ing salebeting kitab suci ingkang kina-kina, awit Quran makaten anjangkepi wahananing piweca-piwecanipun kitab-kitab kina wau sarta maringi bukti-bukti tumrap dhadhawuhan ingkang kasebut wonten ing ngriku.

سُورَةُ الأَنْبِيَاءِ مَكِّيَّةٌ (٢١)

JUZ XVII

SURAT 21

AL-ANBIYA

(*Para Nabi*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*7 ruku', 112 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Pancasan sampun cepak.
Ruku' 2. Yakti punika salaminipun masthi menang.
Ruku' 3. Kayektèning wahyunipun Pangéran.
Ruku' 4. Allah punika garapipun dhateng manusa kalayan wilasa.
Ruku' 5. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku' 6. Allah milujengaken para Nabi saking para mengsahipun.
Ruku' 7. Para titiyang tulus sami badhé amaris bumi.

Namanipun

Surat punika langkung kathah anggènipun ngrembag wilujengipun para titiyang tulus, katimbang lan pidananipun para titiyang duraka; makaten ugi langkung kathah pangrembagipun dhateng bab kamenanganipun yakti, katimbang lan sirnanipun panggorohan, sanajan sampun boten wonten semang-semangipun malih, bab ingkang satunggal punika mesthi mengku bab ingkang angka kalih. Surat punika wonten sapérangan ingkang dipun mligèkaken kanggé marsitakaken pratélan gerban bab wilujengipun para nabi tuwin menangipun ingkang wekasan pakaryanipun; mila surat punika lajeng kanamakaken *Para Nabi*; kajawi punika lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim, luluhuripun para andika nabi kathah sanget kasebutaken kalayan mligi, minangka contoning kawontenanipun Kanjeng Nabi, awit panjenenganipun punika langkung plek kanggé conto katimbang lan para nabi sanèsipun.

Sasambetanipun kaliyan surat-surat ingkang sampun

Bab panataning urut-urutanipun surat, prayogi dipun pèngeti bilih surat ingkang kaping nem lan kaping pitu, punika kagolong dhateng golongan ingkang angka satunggal tumrap surat-surat Makkiyah, sarta satunggal lan satunggalipun sambet-sinambet. Golongan ingkang angka kalih isi pitung surat, inggih punika wiwit surat ingkang kaping 10 dumugi surat 16, surat 16 kalebet pétangan. Golongan ingkang angka tiga, kawiwitan saking surat ingkang kaping 17, ugi isi pitung surat. Surat ingkang rumiyin piyambak tumrap golongan punika, anjanjèkaken kaluhuranipun Islam ing wekdal ingkang badhé dhateng; kajawi punika ugi nyebutaken tuladha saking Israil tuwin garap ingkang kados pundi ingkang katumrapaken dhateng piyambakipun punika. Punika lajeng kasambetan ing surat, ingkang nerangaken lalampahanipun agami Nasrani, lajeng kasambetan malih surat ingkang migatosaken lalampahanipun Kanjeng Nabi Yahya tuwin Kanjeng Nabi 'Isa, déné ingkang kaping sakawan ingkang enggel piyambak nerangaken lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa. sampun satrepipun manawi surat-surat wau lajeng kasambetan lalampahanipun luluhur ingkang ageng piyambak, anurunaken bangsa Bani Israil tuwin bangsa Bani Isma'il. Malih prakawis sanès ingkang ugi dipun wigatosaken déning surat punika inggih punika bab milujengaken para titiyang tulus, boten prabéda kados déné bab siksanipun para duraka punika dados bab ingkang dipun wigatosaken déning surat angka sakawan tumrap golongan punika, inggih punika surat ingkang sampun. Dados, "ngebrukakaken" lajeng kasambetan "ngadegaken" wonten ing surat punika.

RUKU' 1

Pancasan sampun cepak

1-4. Pèpènget dipun lirwakaken. 5. Sami semang-semang dhateng pancasan tumrap awakipun. 6-10. Para nabi ing kina sarta para ingkang milawani.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Wis cepak marang manusa pépétungané sarta kalawan léna padha maléngos.

اِقْتَرَبَ لِلنَّاسِ حِسَابُهُمْ وَهُمْ فِيْ غَفْلَةٍ مُّعْرِضُوْنَ ۚ ①

2 Ora kena ora saben ana pépéling anyar saka Pangérané marang dhèwèké, iku dhèwèké masthi padha angrungokaké kalawan padha angguguyu,

مَا يَأْتِيْهِمْ مِّنْ ذِكْرٍ مِّنْ رَّبِّهِمْ مُّحْدَثٍ اِلَّا اسْتَمَعُوْهُ وَهُمْ يَلْعَبُوْنَ ②

3 Atiné padha kalimput; lan para kang atindak dudu padha rerembugan kalawan winadi:

لَاهِيَةً قُلُوْبُهُمْ ؕ وَاَسَرُّوا النَّجْوَى ۖ

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika kawiwitan kalayan pratélan bilih titiyang Makkah badhé angsal pidana punika sampun genah, sarta lajeng kasambetan ing dhawuh pangumuman ingkang cetha bilih pancasan sampun cepak lan pétangan sampun parek. Bab punika kaseksèn déning wutah gumelaring kawontenan: yakti sapunika mesthi menang boten prabéda lan ingkang sampun-sampun; prakawis punika katerangaken wonten ing ruku' ingkang kaping kalih. Ruku' ingkang kaping tiga andhawuhaken migatosaken kayektèning wahyunipun Pangéran umumipun tuwin wahyu ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi khususipun. Ruku' ingkang kaping sakawan wigatos dhawuh migatosaken bilih wonten ing dalem sifating Pangéran, wilasa punika anyrambahi sanget, awit garap kalayan wilasa punika kacetha kalayan mligi wonten ing pidana ingkang dhumawah dhateng mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, sarta ing dalem babagan punika Kanjeng Nabi Ibrahim punika dados tutuladhanipun Kanjeng Nabi. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim wau kawarsitakaken wonten ing ruku' candhakipun, inggih punika ruku' 5. Ruku' ingkang kaping nem nerangaken bilih ing wekdal ingkang mutawatosi para andika nabi mesthi dipun wilujengaken saking tanganing mengsah-mengsahipun. Ruku' ingkang wekasan piyambak mewahi dhawuh bilih para tulus sami maris bumi, kalayan mengku sasmita ingkang mligi: Tanah Suci, ingkang ing sapunika kajanjèkaken dhateng para titiyang Muslimin, jalaran katulusan sampun sirna saking trah Israil.

Titimangsa tumurunipun

Bab prakawis titimangsanipun nalika katurunaken, boten wonten satunggal punapa ingkang saged anedahaken bilih wonten péranganipun ingkang tumurunipun punika boten wonten ing Makkah; kajawi punika boten wonten ancer-ancer ingkang kénging kanggé waton nginten-inten titimangsa tumurunipun ingkang radi ceples. Sagedipun anginten-inten, surat punika kagolong dhateng jaman tengahan salebetipun Kanjeng Nabi amakarya wonten ing Makkah.

ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ هَلْ هَٰذَآ إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ ۖ أَفَتَأْتُونَ ٱلسِّحْرَ وَأَنتُمْ تُبْصِرُونَ ﴿٣﴾

Dhèwèké iki rak ora liya kajaba manusa padhané kowé; lah apa ta kowé iku bakal manut kemayan, kang mangka kowé padha weruh?

قُلْ رَبِّى يَعْلَمُ ٱلْقَوْلَ فِى ٱلسَّمَآءِ وَٱلْأَرْضِ ۖ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٤﴾

4 Dhèwèké calathu; Pangéran-ku angudanèni apa kang kaucapaké ana ing langit lan bumi, lan Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni.

بَلْ قَالُوٓا۟ أَضْغَٰثُ أَحْلَٰمٍۭ بَلِ ٱفْتَرَىٰهُ بَلْ هُوَ شَاعِرٌ فَلْيَأْتِنَا بِـَٔايَةٍ كَمَآ أُرْسِلَ ٱلْأَوَّلُونَ ﴿٥﴾

5 Malah padha calathu: Impèn campur bawur; malah iku gawé-gawéané baé; balik dhèwèké iku malah juru kidung; mulané konen nekakaké pratandha kaya (para nabi) kang diutus dhèk biyèn.[1611]

مَآ ءَامَنَتْ قَبْلَهُم مِّن قَرْيَةٍ أَهْلَكْنَٰهَآ ۖ أَفَهُمْ يُؤْمِنُونَ ﴿٦﴾

6 Ing sadurungé dhèwèké, sawenèhing kutha, kang Ingsun lebur, iku ora angèstu, lah apa ta dhèwèké bakal padha angèstu?[1612]

وَمَآ أَرْسَلْنَا قَبْلَكَ إِلَّا رِجَالًا نُّوحِىٓ

7 Lan ing sadurungira, Ingsun ora angutus kajaba wong-wong lanang kang padha Ingsun wedhari

1611. Sajakipun para titiyang Quraisy sami bingung – boten prabéda lan bingungipun para juru-kritik dhateng Quran bangsa Nasrani ing jaman samangké – kados pundi, Quran badhé dipun samèkaken kaliyan punapa. Ing sakawit piyambakipun sami mastani Quran punika *sihr*, inggih punika *wileting wicara ingkang linuhung* (TA), jalaran nadyan dhateng Quran piyambakipun sami milawani, Quran meksa saged narik manahipun. Nanging ing ngriku inggih wonten piweca-piwecanipun, ingkang manawi namung wileting wicara ingkang adiluhung kémawon mesthi boten saged damel, milanipun lajeng sami mastani Quran punika impèn campur bawur. Lajeng para titiyang wau sami gadhah pamanggih, bilih ing ngriku punika mengku maksud ingkang sampun gumathok, amargi Quran andhawuhaken kanthi maton ing bab badhé kamenanganipun Kanjeng Nabi lan badhé sirnaning mengsah-mengsahipun ingkang kiyat; milanipun lajeng sami mastani Quran punika damel-damelan. Ing wasana, èthok-èthokipun badhé damel tetembungan satembung kémawon ingkang saged nyakup sadaya wau, piyambakipun lajeng sami amastani bilih Kanjeng Nabi punika juru-kidung. Lajeng, sami nedha dipun paringi bukti saminipun ingkang sampun kaparingaken dhateng para andika nabi ingkang sampun-sampun, inggih punika risakipun para titiyang wau tuwin menangipun Kanjeng Nabi, awit Quran sampun wongsal-wangsul dhawuh dhateng para titiyang wau, samia manah-manah nasib ingkang kasandhang déning para ingkang sami angemohi yakti ing sadèrèng-dèrèngipun.

1612. Minangka wangsulan dhateng anggènipun nyuwun dipun paringi bukti saminipun ingkang sampun kaparingaken dhateng para andika nabi ingkang sampun-sampun, para titiyang wau sami dipun paringi dhawuh, bilih puguh wonten ing dalem pamurang-yakti lan kakafiran, punika mesthi mahanani angsal siksa dipun lebur; nanging piyambakipun sami dipun ajak manut ing yakti tuwin nyingkiri siksa. Piyambakipun sami dipun pèpèngeti, manawi sami boten purun ambangun-turut, barang ingkang murugaken para titiyang ing sadèrèng-dèrèngipun dipun lebur, punika mesthi inggih badhé namani piyambakipun.

pangandika; mulané padha takokna marang para pandhèrèking pépéling, manawa kowé padha ora weruh (prakara iku).

إِلَيْهِمْ فَسْـَٔلُوٓا أَهْلَ الذِّكْرِ
إِنْ كُنْتُمْ لَا تَعْلَمُوْنَ ﴿٧﴾

8 Lan dhèwèké ora padha Ingsun gawèkaké badan wadhag kang tanpa mangan pangan sarta ora padha manggon (kalawan langgeng).[1613]

وَمَا جَعَلْنٰهُمْ جَسَدًا لَّا يَأْكُلُوْنَ
الطَّعَامَ وَمَا كَانُوْا خٰلِدِيْنَ ﴿٨﴾

9 Tumuli Ingsun anuhoni janji marang dhèwèké; mulané Ingsun slametaké dhèwèké sarta sapa kang dadi kapareng-Ingsun, lan Ingsun lebur para kang padha amlangkah wates.

ثُمَّ صَدَقْنٰهُمُ الْوَعْدَ فَأَنْجَيْنٰهُمْ
وَمَنْ نَّشَآءُ وَأَهْلَكْنَا الْمُسْرِفِيْنَ ﴿٩﴾

10 Sayekti temen Ingsun wus anurunaké kitab marang sira, ing kono iku kaluhuranira; lah apa ta sira iku ora mangerti?[1614]

لَقَدْ أَنْزَلْنَآ إِلَيْكُمْ كِتٰبًا فِيْهِ ذِكْرُكُمْ ط
أَفَلَا تَعْقِلُوْنَ ﴿١٠﴾ ع

RUKU' 2

Yakti punika salaminipun masthi menang

11-15. Titiyang awon dipun sirnakaken. 16-18. Yakti punika anglimputi langit-langit lan bumi. 19-26. Kasawijèning Allah (tauhid) punika barang yakti ageng ingkang kawarsitakaken déning para nabi. 27-29. Kasucianipun para nabi saking dosa.

11 Lan wis pira baé kutha kang atindak dudu kang Ingsun sirnakaké, lan sawisé iku Ingsun anukulaké kaum séjé!

وَكَمْ قَصَمْنَا مِنْ قَرْيَةٍ كَانَتْ
ظَالِمَةً وَّأَنْشَأْنَا بَعْدَهَا قَوْمًا أٰخَرِيْنَ ﴿١١﴾

1613. Punika anedahaken kalayan terang, bilih saben nabi punika mesthi abadan wadhag, ingkang kanggé ngiyatakan punika, mesthi ambetahakan tetedhan, makaten ugi saben nabi mesthi séda. Awit saking punika, Kanjeng Nabi 'Isa mesthi inggih abadan wadhag ingkang ambetahaken tedha, sarta mesthi inggih séda. Dados pamanggih ingkang mastani, bilih Kanjeng Nabi 'Isa taksih sugeng wonten ing langit, punika terang manawi cengkah kaliyan piwulangipun Quran Suci. Kalayan pangandika ingkang terang gamblang, Quran mangandikakaken, bilih sadaya nabi punika titah ingkang asifat saged pejah, dados Kanjeng Nabi 'Isa punika inggih titah ingkang asifat séda. Saèstu boten yèn ta panjenenganipun punika taksih sugeng dumugi samangké, tur boten mawi ambetahaken tedha, kados déné pangandelipun para ingkang gadhah paham, bilih panjenenganipun dipun angkat dhateng langit punika.

1614. Saben titiyang Quraisy nyuwun supados siksa ingkang kaancamaken tumunten dipun dhawahna dhateng piyambakipun, mesthi lajeng dipun paringi dhawuh wangsulan, bilih Quran punika barkah (nugraha) lan rahmat (sih-wilasa) tumrap piyambakipun. Kasunyatan punika ugi kawedharaken wonten ing ngriki. Piyambakipun sami nyuwun tandhayekti kados déné tandhayektinipun para andika

12 Bareng dhèwèké wis padha angrasakaké pidana-Ingsun, banjur padha lumayu saka ing kono.

فَلَمَّآ أَحَسُّوا بَأْسَنَآ إِذَا هُم مِّنْهَا يَرْكُضُونَ ﴿١٢﴾

13 Aja (saiki) padha lumayu, lan balia marang barang, kang ing kono uripira linimput ing parisuka tuwin (marang) omahira; manawa-manawa sira bakal padha tinakonan.

لَا تَرْكُضُوا وَارْجِعُوٓا إِلَىٰ مَآ أُتْرِفْتُمْ فِيهِ وَمَسَٰكِنِكُمْ لَعَلَّكُمْ تُسْـَٔلُونَ ﴿١٣﴾

14 Dhèwèké padha acalathu: O, cilaka temen awakku! sayekti aku iki wus padha atindak dudu.

قَالُوا يَٰوَيْلَنَآ إِنَّا كُنَّا ظَٰلِمِينَ ﴿١٤﴾

15 Lah tanpa lèrèn mangkéné iki pasambaté, nganti padha Ingsun dadèkaké kaya (gaga) binabadan, kaya (geni) sinirep.[1615]

فَمَا زَالَت تِّلْكَ دَعْوَىٰهُمْ حَتَّىٰ جَعَلْنَٰهُمْ حَصِيدًا خَٰمِدِينَ ﴿١٥﴾

16 Lan anggon-Ingsun anitahaké langit lan bumi sarta sabarang kang ana ing saantarané iku dudu dolanan.[1616]

وَمَا خَلَقْنَا السَّمَآءَ وَالْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا لَٰعِبِينَ ﴿١٦﴾

Ut. *mundhut putra*

17 Lamun Ingsun angarsakna *agawé lalangen*, amasthi iku Ingsun pundhut saka ing ngarsa-Ningsun: ora pisan-pisan Ingsun bakal nindakaké (mangkono).[1617]

لَوْ أَرَدْنَآ أَن نَّتَّخِذَ لَهْوًا لَّاتَّخَذْنَٰهُ مِن لَّدُنَّآ إِن كُنَّا فَٰعِلِينَ ﴿١٧﴾

---

nabi ingkang sampun-sampun, nanging piyambakipun sami dipun pangandikani, bilih tumurunipun Quran punika perlu badhé andadosaken piyambakipun dados umat ing jagad ingkang ageng sarta luhur. Bab prakawis tembung *dhikr* ateges: *kaluhuran*, *kuncara*, *kaloka*, *kahurmatan*, mirsanana S, Msb, Q, TA tuwin LL. Ugi kancundhukna kaliyan 94: 4, 43: 44, ing ngriku tembung *dhikr* punika mengku teges kados makaten wau.

1615. Ngibarat ingkang wonten ing tembung *hashîd* punika kapirid saking sabin ingkang sampun dipun enèni, déné ngibarat ing tembung *khâmid*, punika kapirid saking latu ingkang sampun dipun sirep lan ingkang kantun awunipun kémawon atumpuk-tumpuk. Ayat-ayat ing nginggil wau mengku pèpènget ingkang terang gamblang dhateng para titiyang Makkah.

1616. Punika taksih tutugipun pèpènget ingkang kasebut ing ayat-ayat ingkang sampun. Para titiyang wau sampun tinamtu kedah sami neksèni tandhayakti ing kayektènipun Kanjeng Nabi tuwin ing Kasawijènipun Allah, wonten ing tumitahipun langit lan bumi punika; lah ing sapunikanipun piyambakipun sami kadhawuhan ngènget-ènget, bilih tandha-tandha yakti wau boten kok nglaha tanpa wonten pigunanipun. Ing dalem kudrat, saben tindak, punika mesthi wonten wohipun, sarta saben sedya, punika kagayuhipun mesthi mawi lantaran kalayan sarana. Samukawis ing dalem kudrat punika sadaya, sarwa saèstu, liripun boten wonten ingkang atanpa guna, awit saking punika kedahipun manusa punika ingkang saèstu anggènipun nganggep barang-barang punika.

1617. *In* ing ngriki *nâfiyah*, tegesipun ngorakaken (saking lingga *ora*) katrangan ingkang sampun

18 Balik Ingsun anglepasaké barang nyata angenani barang goroh nganti amecahaké endhasé, lah ing kono sakala (barang goroh) iku sirna; lan cilaka bagéanira amarga saka anggonira anyifati (Panjenenganė).[1618]

بَلْ نَقْذِفُ بِالْحَقِّ عَلَى الْبَاطِلِ
فَيَدْمَغُهُ فَإِذَا هُوَ زَاهِقٌ ۚ وَلَكُمُ
الْوَيْلُ مِمَّا تَصِفُونَ ﴿١٨﴾

19 Lan kagunganė Panjenenganė sapa-sapa kang ana ing langit-langit lan ing bumi; lan sapa sing parek Panjenenganė iku padha ora gumedhé anggoné ngibadah Panjenenganė sarta tanpa sayah.

وَلَهُ مَنْ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ ۚ
وَمَنْ عِنْدَهُ لَا يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ
عِبَادَتِهِ وَلَا يَسْتَحْسِرُونَ ﴿١٩﴾

20 Padha mahasucèkaké (Panjenenganė) rina lan wengi tanpa kendho.

يُسَبِّحُونَ اللَّيْلَ وَالنَّهَارَ لَا يَفْتُرُونَ ﴿٢٠﴾

21 Apa ta dhèwèké padha angalap sesembahan-sesembahan saka bumi kang padha nguripaké (wong mati)?[1619]

أَمِ اتَّخَذُوا آلِهَةً مِنَ الْأَرْضِ
هُمْ يُنْشِرُونَ ﴿٢١﴾

22 Lamun ing jeroné loro iku anaa sesembahan-sesembahan kajabané Allah, amasthi loro iku padha bosah-basih; mulané mahasuci Allah iku, Pangéraning
a. 895 karaton,[a] saka anggoné padha anyifati (Panjenenganė).[1620]

لَوْ كَانَ فِيهِمَا آلِهَةٌ إِلَّا اللَّهُ لَفَسَدَتَا ۚ
فَسُبْحَانَ اللَّهِ رَبِّ الْعَرْشِ عَمَّا يَصِفُونَ ﴿٢٢﴾

---

kadhawuhaken. *Lalangen* ing ayat punika sami tegesipun kaliyan *lalangen* utawi *dolanan* ing ayat ingkang sampun. Namung para mufassirin sami mewahi katrangan, bilih manut pakecapanipun tiyang Yaman, tembung *lahw* punika ateges *sémah* (*èstri*) utawi *anak*; dados suraosing dhawuhipun ayat punika, anduwa piwulang Nasrani, bilih Kanjeng Nabi ‘Isa punika putranipun Pangéran (Rz, Bd). Manawi makaten lajeng mengku suraos, bilih Pangéran punika boten mundhut putra.

1618. Pratélan punika taksih sambetipun ingkang kasebutaken wonten ing ayat kakalih ingkang sampun, inggih punika: barang *haq* (barang nyata) ingkang wonten ing sagung dumados, punika mesthi menang kaliyan *batal* (panggorohan).

1619. Lah punika pratélan ingkang terang gamblang, bilih para ingkang kaanggep dados sesembahan, punika boten saged anggesangaken tiyang pejah. Bab punika kedah dipun èngeti manawi ngrembag bab prakawis mu’jizatipun Kanjeng Nabi ‘Isa, ingkang wonten ing ayat-ayat punika panganggep dhateng kapangéranipun dados rembag ingkang mligi.

1620. Punika bukti papancasan ingkang anduwa piwulang mangéran-kathah. Jagad sawegung punika sarwa tumata runtut, jalaran sadaya punika winengku ing angger-angger satunggal, sarta wontenipun angger-angger ingkang namung satunggal, punika anedahaken kalayan cetha, bilih Ingkang-yasa lan Ingkang-ngasta angger-angger wau inggih namung satunggal. Saupami wonten

23 Ora kena Panjenenganė ditakokaké karananing pandamel-É, lan dhèwèké kang bakal padha dinangu.

لَا يُسْـَٔلُ عَمَّا يَفْعَلُ وَهُمْ يُسْـَٔلُونَ ﴿٢٣﴾

24 Apa ta dhèwèké padha angalap sesembahan-sesembahan saliyané Panjenenganė? Calathua: Padha tekakna buktimu: iki pépélingé wong barenganku, lan pépélingé wong sadurungku.[1621] Ananging dhèwèké sing akèh padha ora weruh barang nyata, mulané padha maléngos.

أَمِ اتَّخَذُوا مِنْ دُونِهِ آلِهَةً ۖ قُلْ
هَاتُوا بُرْهَانَكُمْ ۖ هَٰذَا ذِكْرُ مَنْ مَعِيَ
وَذِكْرُ مَنْ قَبْلِي ۗ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا
يَعْلَمُونَ الْحَقَّ ۖ فَهُمْ مُعْرِضُونَ ﴿٢٤﴾

25 Lan ing sadurungé sira, saben Ingsun angutus sawenèhing utusan, ora kena ora masthi Ingsun wedhari sabda, manawa ora ana sesembahan kajaba Ingsun; mulané padha ngabdia marang Ingsun.

وَمَا أَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ مِنْ رَسُولٍ
إِلَّا نُوحِي إِلَيْهِ أَنَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا
أَنَا فَاعْبُدُونِ ﴿٢٥﴾

26 Lan dhèwèké padha calathu: Ingkang-Mahamurah iku amundhut putra.[1622] Mahasuci Panjenenganė iku. Balik dhèwèké iku para kawula kang padha minulyakaké.[1623]

وَقَالُوا اتَّخَذَ الرَّحْمَٰنُ وَلَدًا ۗ سُبْحَانَهُ ۚ
بَلْ عِبَادٌ مُكْرَمُونَ ﴿٢٦﴾

Pangéran sanèsipun malih, mesthi botenipun jagad sawegung namung kerèh ing angger-angger satunggal, ingkang boten sanès angsal-angsalanipun kajawi worsuh lan asalang-tunjang. Dados kasawijènipun angger-angger, punika dados tandhayakti ingkang cetha ing bab Kasawijènipun Ingkang-damel.

1621. Kasawijènipun Allah, punika kasunyatan agung ingkang dados tatales dhadhasaraning sadaya agami.

1622. Ingkang dipun karsakaken sampun genah, inggih punika piwulang agami Nasrani bab Kanjeng Nabi ‘Isa kaanggep dados putraning Allah.

1623. Tegesipun, para ingkang kaanggep putraning Allah, punika yektinipun sami kawulanipun Allah ingkang minulya. Déné ingkang dipun karsakaken para andika nabi, awit ingkang dipun anggep dados putraning Allah, punika inggih satunggaling nabi. Minangka kanggé nglepataken panganggep bilih Kanjeng Nabi ‘Isa punika putraning Allah, Kitab Quran boten ngandika: *dhèwèké iku kawula kang minulyakaké*, nanging *dhèwèké iku para kawula kang padha minulyakaké*. Punika ateges ambatalaken pangandel Kanjeng Nabi ‘Isa dados putraning Allah, ngiras nyebutaken bukti ingkang kanggé anglepataken pangandel wau. Bukti wau kawengku wonten ing tembung *para kawula kang padha minulyakaké*, awit dhawuh punika ngèngetaken dhateng kula sami, bilih kathah tiyang ingkang sinebut *putraning Allah* punika, nanging sesebutan wau boten wonten sanès maksudipun, kajawi namung ateges, bilih panjenenganipun wau para kawula ingkang sami minulyakaken; awit saking punika, Kanjeng Nabi ‘Isa sinebut putraning Allah, punika kanthi mengku teges sami trep kaliyan sanès-sanèsipun wau.

27 Ora padha anglancangi Panjenengané kalawan pangucap, sarta (mung) padha nindakaké marang paréntahé Panjenengané.[1624]

لَا يَسْبِقُوْنَهٗ بِالْقَوْلِ وَهُمْ بِاَمْرِهٖ
يَعْمَلُوْنَ ﴿٢٧﴾

28 Panjenengané angudanèni apa kang ana sangarepé dhèwèké sarta apa kang ana saburiné dhèwèké, lan dhèwèké padha ora awèh syafa'at kajaba tumrap wong kang dadi pirena-Né, lan amarga saka wediné marang Panjenengané dhèwèké padha geter.

يَعْلَمُ مَا بَيْنَ اَيْدِيْهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ
وَلَا يَشْفَعُوْنَ ۙ اِلَّا لِمَنِ ارْتَضٰى
وَهُمْ مِّنْ خَشْيَتِهٖ مُشْفِقُوْنَ ﴿٢٨﴾

29 Lan dhèwèké, sapa sing bakal calathu: Sayekti aku iki sesembahan saliyané Panjenengané, lah iki bakal Ingsun wales naraka; kaya mangkono pawales-Ingsun marang para wong atindak dudu.

وَمَنْ يَّقُلْ مِنْهُمْ اِنِّيْٓ اِلٰهٌ مِّنْ
دُوْنِهٖ فَذٰلِكَ نَجْزِيْهِ جَهَنَّمَ ؕ
كَذٰلِكَ نَجْزِى الظّٰلِمِيْنَ ﴿٢٩﴾

RUKU' 3

Kayektèning Wahyuning Pangéran

30-35. Bukti-bukti nyatanipun wedharing sabda. 36-41. Anggènipun sami anggugujeng sarta pidana pituwasipun.

30 Apa para kang padha kafir ora weruh, yèn langit-langit lan bumi iku mauné nutup tumuli karoné Ingsun bukak;[1625] lan

اَوَلَمْ يَرَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اَنَّ السَّمٰوٰتِ
وَالْاَرْضَ كَانَتَا رَتْقًا فَفَتَقْنٰهُمَا ؕ

1624. Ayat punika suka tandhayakti papancasan, bilih para Nabi punika suci ing dosa. Samangsa para nabi medal pangandika, boten pisana sami anglancangi ing Allah, liripun sadaya ingkang kapangandikakaken, punika lugu namung amedharaken sabarang ingkang kawulangaken dhateng panjenenganipun déning Pangéran, dados boten medal saking karsanipun piyambak. Sarta sabarang rèh ingkang katindakaken déning para nabi wau, lugu namung manut saparéntahipun Allah blaka. Dados ing dalem pangucap saha ing dalem tindak, para nabi punika tansah manut kaparenging karsanipun Pangéran, milanipun boten saged yèn ta winastan para nabi sami nindakaken pandamel dosa. Suraosing dhawuh sambetipun kaliyan dhawuh ing sacelakipun nedahaken kalayan terang, bilih ingkang kapangandikakaken ing ayat punika para andika nabi, sanès para malaikat.

1625. Langit-langit lan bumi nutup, punika nyasmitani komplanging wahyunipun Pangéran ing wekdal sadèrènging rawuhipun Kanjeng Nabi Suci. Bab komplanging wahyu, punika sampun kacetha déning salebetipun wekdal nem atusan taun ing jagad boten wonten nabi ingkang rawuh, sarta ing saindhenging buwana kebanjiran ing karisakan. Déné langit-langit lan bumi dipun bikak, punika ateges tumurunipun wahyu, ingkang lajeng anggesangaken jagad. Ing dalem kawontenan wadhag, kula sadaya sami nyumerepi bilih jawah panika ambikak bumi.

وَجَعَلْنَا مِنَ الْمَاءِ كُلَّ شَيْءٍ حَيٍّ ۖ
أَفَلَا يُؤْمِنُونَ ٣٠

Ingsun andadèkaké samubarang kang urip saka banyu;[1626] lah apa ta dhèwèké ora bakal angèstu?

وَجَعَلْنَا فِي الْأَرْضِ رَوَاسِيَ أَنْ
تَمِيدَ بِهِمْ وَجَعَلْنَا فِيهَا فِجَاجًا
سُبُلًا لَعَلَّهُمْ يَهْتَدُونَ ٣١

Ut. *iki bisa awèh pangan marang dhèwèké*
a. 1358

31 Lan Ingsun wus andadèkaké gunung gedhé-gedhé ing bumi, supayané, *amarga saka iku, iki ora gonjing*,[a] lan ing kono Ingsun wus andadèkaké dalan omba-omba, supaya dhèwèké padha angambaha dalan kang bener.[1627]

وَجَعَلْنَا السَّمَاءَ سَقْفًا مَحْفُوظًا ۖ
وَهُمْ عَنْ آيَاتِهَا مُعْرِضُونَ ٣٢

Ar. *lan*

32 Lan Ingsun wus andadèkaké langit minangka payon kang kareksa, *éwadéné* dhéwéké padha malèngos saka tandha-tandhané.[1628]

وَهُوَ الَّذِي خَلَقَ اللَّيْلَ وَالنَّهَارَ
وَالشَّمْسَ وَالْقَمَرَ ۖ كُلٌّ فِي
فَلَكٍ يَسْبَحُونَ ٣٣

33 Lan Panjenengané iku kang wus anitahaké wengi lan rina sarta srengéngé lan rembulan; kabèh (bunder-bunderan ing langit) lumaku seser ing cakrawalané.

وَمَا جَعَلْنَا لِبَشَرٍ مِنْ قَبْلِكَ الْخُلْدَ ۖ
أَفَإِنْ مِتَّ فَهُمُ الْخَالِدُونَ ٣٤

Ar. *manggon*

Ar. *manggon*

34 Lan Ingsun ora andadèkaké *tetep* tumrap wong ing sadurungira. Lah apa yèn kowé mati dhèwèké bakal padha *tetep*?

كُلُّ نَفْسٍ ذَائِقَةُ الْمَوْتِ ۗ وَنَبْلُوكُمْ

35 Sarupaning jiwa amasthi ngrasakaké pati; lan Ingsun anyoba

1626. Dhawuh pratélan punika amedharaken kasunyatan adiluhung ing alam wadhag, inggih punika kasunyatan ingkang énggal mangké katetepaken kayektènipun déning kawruh, nanging ingkang nalika jamanipun Kanjeng Nabi Suci boten kasumerepan ing jagad saumurnipun; inggih punika: *toya punika tuking sadaya ingkang asipat gesang*. Nanging ingkang baku ayat punika mangandikakaken kasunyatan ruhani, murih dados pamanahan kita, inggih punika: ngemungaken asarana wahyuning Pangéran (ingkang marambah-rambah kasanépakaken kaliyan toya wonten ing Quran Suci) kémawon, sagedipun jagad ingkang pejah ing dalem dosa saha ing dalem karisakan punika kagesangaken. Dados miturut Quran Suci, toya samawi punika tansah lastantun kajawahaken ing bumi, makaten ugi sadhéngah jaman kontening wahyunipun Pangéran boten naté katutup tumrap jagad punika.

1627. Margi ingkang wiyar-wiyar punika margi ingkang dipun lampahi déning nabi-nabinipun saben umat. Manawi margi punika dipun turut, mesthi badhé saged manggih margi ingkang leres, inggih punika yakti ing babagan Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw.

1628. Ing tanah Arab punika wonten tiyangipun ahli kawruh kasukman, ahli kawruh palintangan lan tukang-pethèk, ingkang ngakenipun saged mangertos wados-wadosing langit; kateranganipun ingkang panjang bab prakawis punika kula aturi mirsani 3530. Para titiyang wau sami dipun dhawuhi, bilih tangèh lamun yèn ta samia mangertos ingkang makaten wau. Utawi saged ugi tegesipun punika wahyu (ingkang ing ngriki kasebut *langit*) punika kareksa saking sawarnining panyerang.

ing sira kalawan ala lan becik minangka panglèlèr; lan marang Ingsun anggonira bakal padha dibalèkaké.[1629]

بِالشَّرِّ وَالْخَيْرِ فِتْنَةً ۖ وَإِلَيْنَا تُرْجَعُونَ ﴿٣٥﴾

36 Lan samangsa para kang padha kafir andeleng sira, ora liya kajaba mung agawé guguyon marang sira: Apa iki kang muni-muni ing sesembahan-sesembahanmu? Lan dhèwèké iku para wong angemohi marang anyebut Ingkang-Mahamurah.[1630]

وَإِذَا رَآكَ الَّذِينَ كَفَرُوا إِنْ يَتَّخِذُونَكَ إِلَّا هُزُوًا أَهَٰذَا الَّذِي يَذْكُرُ آلِهَتَكُمْ ۚ وَهُمْ بِذِكْرِ الرَّحْمَٰنِ هُمْ كَافِرُونَ ﴿٣٦﴾

37 Manusa iku dititahaké saka ing kesusu;[1631] saiki Ingsun bakal meruhaké tandha-tandha-Ningsun marang sira; mulané aja anggégé (iku) nyuwun marang Ingsun.[1632]

خُلِقَ الْإِنْسَانُ مِنْ عَجَلٍ ۚ سَأُرِيكُمْ آيَاتِي فَلَا تَسْتَعْجِلُونِ ﴿٣٧﴾

38 Lan dhèwèké padha calathu: Kapan bakal kalakoné pangancam iki, manawa kowé padha wong temen?[1633]

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْوَعْدُ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ﴿٣٨﴾

1629. Para titiyang punika sami kataman ing kacilakan alit-alit; lah manawi punika sadaya sampun birat, piyambakipun lajeng gentos manggih kawontenan seneng lan sakéca. Sadaya punika kanthi mengku maksud panglelèr; déné siksa ingkang langkung ageng malih ingkang badhé mahanani sirnanipun babar pisan panguwaosipun, punika taksih gumantung sarta badhé andhawahi piyambakipun.

1630. Bangsa Arab, punika bangsa ingkang manembah brahala. Milanipun, boten prabéda lan titiyang Nasrani, piyambakipun suthik nyebut Allah kalayan asma *Ar-Rahmân*. Inggih awit saking punika, mila ing ngriki, Pangéran Ingkang-Mahamurah punika kasebutaken kanggé nandhingi brahala-brahala. Tumraping tindak, para titiyang wau ugi angemohi mahamurahipun Gusti Allah (inggih punika sifat amintonaken sih-wilasa dhateng titah-Ipun tanpa sinartan pambudidayanipun titah ingkang ngangsalaken sih-wilasa wau), awit marambah-rambah para titiyang wau sami nyuwun supados tumunten dipun dhawahana siksa, sanadyan sampun marambah-rambah piyambakipun sami kadhawuhan nyuwun sih-wilasa-Nipun kémawon. Anggènipun nganggé gugujengan Kanjeng Nabi, punika ugi kabekta saking sumenénipun siksa wau, awit piyambakipun sami gadhah panginten, bilih pèpèngetipun Kanjeng Nabi punika namung pangancam ingkang boten wonten nyatanipun.

1631. Watek kasesa punika wonten ing manusa melok piyambak, ngantos kénging winastan manusa punika tumitahipun saking kasesa wau. Pratélan punika katerangaken déning dhawuh sambetipun: *Saiki Ingsun bakal meruhaké tandha-tandha-Ningsun marang sira, mulané aja anggégé iku nyuwun marang Ingsun*.

1632. Ayat punika ambantah kalayan tembung ingkang terang gamblang dhateng para titiyang ingkang sami wicanten, bilih Kanjeng Nabi boten saged anggelar tandhayakti. Ayat punika anerangaken, bilih samangsa kapangandikakaken manawi tandha-tandha yekti punika *wonten ing astanipun Allah*, punika tegesipun *Panjenenganipun mesthi badhé anggelar tandha-tandhayekti wau*, dados boten kok ateges boten badhé dipun gelaraken.

1633. Tandha yekti ingkang mligi, ingkang kasuwun marambah-lambah, inggih punika siksa

39 Lamun ta para kang padha kafir iku weruha (waktu) samangsané dhèwèké padha ora bisa nulak geni saka ing rainé lan saka ing gegeré sarta ora bakal padha tinulungan.

لَوْ يَعْلَمُ الَّذِينَ كَفَرُوا حِينَ لَا يَكُفُّونَ
عَن وُّجُوهِهِمُ النَّارَ وَلَا عَن ظُهُورِهِمْ
وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ۝٣٩

40 Balik iku bakal tumeka marang dhèwèké tanpa antan-antan andadèkaké bingungé; banjur bakal padha ora bisa nulak iku sarta ora bakal padha disumenèkaké.

بَلْ تَأْتِيهِم بَغْتَةً فَتَبْهَتُهُمْ فَلَا
يَسْتَطِيعُونَ رَدَّهَا وَلَا هُمْ يُنظَرُونَ ۝٤٠

41 Lan sayekti temen para utusan ing sadurungira padha diguguyu; temahan para kang padha angguguyu padha katiban apa kang padha dianggo angguguyu.[1634]

وَلَقَدِ اسْتُهْزِئَ بِرُسُلٍ مِّن قَبْلِكَ
فَحَاقَ بِالَّذِينَ سَخِرُوا مِنْهُم مَّا
كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِءُونَ ۝٤١

RUKU' 4

Allah punika garapipun dhateng manusa kalawan wilasa

42, 43. Pangayomanipun Pangéran dhateng sadaya manusa. 44-46. Tandha-tandha sampun katingal. 47. Sepen saking boten adil. 48, 49. Panyilah kaparingaken dhateng Nabi Musa. 50. Quran Suci punika pépénget ingkang binarkahan.

42 Calathua: Sapa ta kang ngayomi sira ing wengi lan rina saka Ingkang-Mahamurah?[1635] Balik dhèwèké padha malèngos saka panyebut ing Pangérané.

قُلْ مَن يَكْلَؤُكُم بِاللَّيْلِ وَالنَّهَارِ
مِنَ الرَّحْمَٰنِ ۗ بَلْ هُمْ عَن ذِكْرِ
رَبِّهِم مُّعْرِضُونَ ۝٤٢

43 Utawa apa dhèwèké padha duwé sesembahan-sesembahan kang bisa ngayomi dhèwèké saka Ing-

أَمْ لَهُمْ آلِهَةٌ تَمْنَعُهُم مِّن دُونِنَا ۚ

ingkang saged damel curna kados déné ingkang dhumawah dhateng umat ingkang sampun-sampun, punika dipun dhawahna dhateng piyambakipun.

1634. Para ingkang sami angemohi yakti mesthi sami anggugujeng, manawi dipun cariyosi bilih badhé angsal siksa margi saking anggènipun angemohi wau. Makaten ugi sadaya ingkang nindakaken pandamel awon, punika inggih sami gadhah panginten, bilih boten badhé nandhang punapa-punapa minangka wohing pandamelipun ingkang awon wau.

Ayat punika saha ayat kakalih nginggilipun, andhawuhaken kalayan kenceng lan kalayan tembung ingkang terang gamblang, bilih menangipun ingkang wekasan yakti, punika mesthi kalampahanipun.

1635 Terangipun: saupama Allah iku ora mahamurah marang sira lan ora angayomi ing sira, yekti wis ora ana manèh kang bisa angayomi sira. Utawi, nadyan Panjenengané iku Mahamurah, suprandéné manawa Panjenengané arsa niksa ing sira marga saka anggonira puguh ing piala kang nganti andadèkaké dukané Gusti Ingkang-Mahamurah, yekti wis ora ana manèh sawiji-wiji kang bisa ngayomi sira saka siksa mau.

Ar. *dhèwèké*

sun? *Iku* padha ora bisa mitulungi awaké dhéwé lan ora padha ingayoman saka Ingsun.

لَا يَسْتَطِيعُونَ نَصْرَ أَنفُسِهِمْ وَلَا هُم مِّنَّا يُصْحَبُونَ ﴿٤٣﴾

44 Malah Ingsun wus aparing sadhiyan marang iki dalah bapak-bapakné, nganti dhèwèké umuré dinawakaké. Lah apa ta padha ora weruh, yèn Ingsun anekani bumi, iku Ingsun elongi saka tepis
a. 1293 iringé?[a] Lah apa ta dhèwèké bakal padha menang?

بَلْ مَتَّعْنَا هَٰؤُلَاءِ وَآبَاءَهُمْ حَتَّىٰ طَالَ عَلَيْهِمُ الْعُمُرُ ۗ أَفَلَا يَرَوْنَ أَنَّا نَأْتِي الْأَرْضَ نَنقُصُهَا مِنْ أَطْرَافِهَا ۚ أَفَهُمُ الْغَالِبُونَ ﴿٤٤﴾

45 Calathua: Aku iki mung apépéling marang kowé kalawan wewedharing sabda; lan wong budheg iku ora krungu marang panguwuh samangsané dipépélingi.

قُلْ إِنَّمَا أُنذِرُكُم بِالْوَحْيِ ۚ وَلَا يَسْمَعُ الصُّمُّ الدُّعَاءَ إِذَا مَا يُنذَرُونَ ﴿٤٥﴾

46 Lan manawa dhèwèké padha kagepok siksané Pangéranira satiyupan baé, amasthi bakal padha calathu: O, cilaka temen awakku! sayekti aku wis padha atindak dudu.

وَلَئِن مَّسَّتْهُمْ نَفْحَةٌ مِّنْ عَذَابِ رَبِّكَ لَيَقُولُنَّ يَا وَيْلَنَا إِنَّا كُنَّا ظَالِمِينَ ﴿٤٦﴾

47 Lan Ingsun bakal angedegaké traju kang jejeg ana ing dina kiyamat,[a] satemah ora ana jiwa sawiji dianiaya sathithik-thithika lan sanajan ta (panggawé) mung saboboté wiji sawi, iku bakal Ingsun tekakaké, lan ingsun iki wis cukup mungguhing pangétung.

وَنَضَعُ الْمَوَازِينَ الْقِسْطَ لِيَوْمِ الْقِيَامَةِ فَلَا تُظْلَمُ نَفْسٌ شَيْئًا ۖ وَإِن كَانَ مِثْقَالَ حَبَّةٍ مِّنْ خَرْدَلٍ أَتَيْنَا بِهَا ۗ وَكَفَىٰ بِنَا حَاسِبِينَ ﴿٤٧﴾

48 Lan sayekti temen Ingsun wus amaringi Musa lan Harun panyilah lan papadhang sarta pépéling tumrap para kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala);[1636]

وَلَقَدْ آتَيْنَا مُوسَىٰ وَهَارُونَ الْفُرْقَانَ وَضِيَاءً وَذِكْرًا لِّلْمُتَّقِينَ ﴿٤٨﴾

1636. Panyilah ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa, inggih punika panjenenganipun sampun saged ngawonaken mengsah ingkang sakalangkung déning kiyat. Ayat ingkang wekasan ing ruku' punika andhawuhaken bilih tumrap kautusipun Kanjeng Nabi Suci, tandhayakti saminipun punika inggih badhé kagelaraken.

49 (Tumrap) para kang padha wedi ing Pangérané ana ing pasepèn sarta marang wayahé padha giris.

ٱلَّذِينَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُم بِٱلْغَيْبِ وَهُم مِّنَ ٱلسَّاعَةِ مُشْفِقُونَ ﴿٤٩﴾

a. 844

50 Lan iki Pépéling kang binarkahan,[a] kang Ingsun turunaké: lah apa ta iku sira bakal padha angemohi?

وَهَٰذَا ذِكْرٌ مُّبَارَكٌ أَنزَلْنَٰهُ ۚ أَفَأَنتُمْ لَهُۥ مُنكِرُونَ ﴿٥٠﴾

RUKU' 5

Lalampahanipun Nabi Ibrahim

Ar. *katulusané*

51 Lan sayekti temen ing biyèn Ingsun wus aparing *katulusan* marang Ibrahim, lan Ingsun iki marang dhèwèké ngudanèni banget.[1637]

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَآ إِبْرَٰهِيمَ رُشْدَهُۥ مِن قَبْلُ وَكُنَّا بِهِۦ عَٰلِمِينَ ﴿٥١﴾

b. 790

52 Nalikané dhèwèké acalathu marang tutuwané[b] sarta bangsané: Reca-reca ingkang dados puruging panembah sampéyan punika punapa ta?

إِذْ قَالَ لِأَبِيهِ وَقَوْمِهِۦ مَا هَٰذِهِ ٱلتَّمَاثِيلُ ٱلَّتِىٓ أَنتُمْ لَهَا عَٰكِفُونَ ﴿٥٢﴾

Ar. *manggih*

53 Padha calathu: Kula sami *sumerep* bapak-bapak kula sami dhateng punika panembahipun.

قَالُوا۟ وَجَدْنَآ ءَابَآءَنَا لَهَا عَٰبِدِينَ ﴿٥٣﴾

54 Calathuné: Saèstu sampéyan sarta bapak-bapak sampéyan punika dumunung ing sasar ingkang cetha.

قَالَ لَقَدْ كُنتُمْ أَنتُمْ وَءَابَآؤُكُمْ فِى ضَلَٰلٍ مُّبِينٍ ﴿٥٤﴾

55 Padha calathu: Punapa dhateng sampéyan mriki punika ambekta barang yakti punapa sampéyan punika golonganipun titiyang sembranan?

قَالُوٓا۟ أَجِئْتَنَا بِٱلْحَقِّ أَمْ أَنتَ مِنَ ٱللَّٰعِبِينَ ﴿٥٥﴾

1637. Cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi lbrahim, punika kasebutaken wonten ing surat-suratipun Quran Suci warni-warni, péranganing cariyos ingkang béda-béda, satunggal lan satunggalipun sambet-sinambet, sakedhik sanget ingkang ngambali cariyos ingkang sampun naté kacariyosaken. Ing ngandhap punika cathetan ingkang jangkep panggènan ingkang nyebutaken bab Kanjeng Nabi Ibrahim: 2: 124-132, 133, 135, 136, 140, 258, 260; 3: 64-67, 83; 4: 125; 6: 75-83; 9: 114; 11: 69-76; 12: 6; 14: 35-41; 15: 51-60; 16: 110-123; 19: 41-49; 21: 51-72; 22: 26-29; 26: 69-89; 29: 16, 17, 24-27; 37: 83-113; 38: 45, 46; 43: 26-28; 51: 24-34; 57: 26; 60: 4.

56 Calathuné: O, wangsul Pangéran sampéyan punika Pangéraning langit-langit lan bumi, Ingkang ngawontenaken punika, lan kula punika ingatasipun punika kalebet para ingkang sami neksèni.

قَالَ بَل رَّبُّكُمْ رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ الَّذِي فَطَرَهُنَّ ۖ وَأَنَا عَلٰى ذٰلِكُم مِّنَ الشّٰهِدِينَ ﴿٥٦﴾

57 Lan dhemi Allah! saèstu kula badhé amerangi brahala-brahala sampéyan ing sasampunipun sampéyan sami késah wangsul.

وَتَاللّٰهِ لَأَكِيدَنَّ أَصْنَامَكُم بَعْدَ أَن تُوَلُّوا مُدْبِرِينَ ﴿٥٧﴾

58 Iku banjur padha diremuk kajaba panggedhéné, manawa-manawa dhèwèké padha bali marang Panjenenganè.[1638]

فَجَعَلَهُمْ جُذٰذًا إِلَّا كَبِيرًا لَّهُمْ لَعَلَّهُمْ إِلَيْهِ يَرْجِعُونَ ﴿٥٨﴾

59 Padha calathu: Sapa sing ganggu gawé marang sesembahan-sesembahanku iki? Sayekti iku kalebu éwoné para wong atindak dudu.

قَالُوا مَن فَعَلَ هٰذَا بِآلِهَتِنَا إِنَّهُ لَمِنَ الظّٰلِمِينَ ﴿٥٩﴾

60 Padha calathu: Aku krungu wong nonoman angucapaké (sesembahan-sesembahan) iku jenengé Ibrahim.

قَالُوا سَمِعْنَا فَتًى يَذْكُرُهُمْ يُقَالُ لَهُ إِبْرٰهِيمُ ﴿٦٠﴾

61 Padha calathu: Dhèwèké tumuli gawanen menyang ngarepané wong akèh, manawa-manawa dhèwèké padha aneksèni.

قَالُوا فَأْتُوا بِهِ عَلٰى أَعْيُنِ النَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَشْهَدُونَ ﴿٦١﴾

62 Padha calathu: Apa kowé sing ganggu gawé marang sesembahan-sesembahan iki, o, Ibrahim?

قَالُوا أَأَنتَ فَعَلْتَ هٰذَا بِآلِهَتِنَا يٰإِبْرٰهِيمُ ﴿٦٢﴾

63 Calathuné: Iku pancèn ana sing ganggu gawé; iki panggedhéné, mulané padha takonana, manawa padha bisa caturan.[1639]

قَالَ بَلْ فَعَلَهُ ۚ كَبِيرُهُمْ هٰذَا فَاسْأَلُوهُمْ إِن كَانُوا يَنطِقُونَ ﴿٦٣﴾

1638. Cariyos Kanjeng Nabi Ibrahim ngremuki brahala, punika kasebutaken wonten ing kitab-kitab Yahudi, ing Gen R 38, tuwin ing Tauna Debe Eliyahu 2: 25 (Yewish En.)

1639. Kathah tiyang ingkang klèntu anggènipun negesi dhawuh ingkang mungel قال بل فعله ج كبيرهم هذا punika. Klèntunipun wau, déné boten angèngeti pada ingkang wonten

64 Tumuli padha ambalik marang awaké dhéwé, banjur padha calathu: Satemené kowé dhéwé sing padha wong atindak dudu.

فَرَجَعُوْٓا اِلٰٓى اَنْفُسِهِمْ فَقَالُوْٓا اِنَّكُمْ اَنْتُمُ الظّٰلِمُوْنَ ﴿٦٤﴾

65 Tumuli padha dinadèkaké tumungkul sirahé:[1640] Sayekti temen kowé iku wis weruh, yèn iku ora (bisa) caturan.

قَالَ اَفَتَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَا يَنْفَعُكُمْ شَيْئًا وَّلَا يَضُرُّكُمْ ﴿٦٦﴾

66 Calathuné: Lah kapriyé! apa kowé iku padha angabdi marang saliyané Allah, barang kang ora migunani marang kowé babar pisan lan ora *mitunani*.

ثُمَّ نُكِسُوْا عَلٰى رُءُوْسِهِمْ ۚ لَقَدْ عَلِمْتَ مَا هٰٓؤُلَآءِ يَنْطِقُوْنَ ﴿٦٥﴾

Ar. *mitunani marang kowé*

67 Jember tumrapé kowé lan tumrap apa kang kokawulani saliyané Allah; lah apa ta kowé iku padha ora mangerti?

اُفٍّ لَّكُمْ وَلِمَا تَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ ۗ اَفَلَا تَعْقِلُوْنَ ﴿٦٧﴾

---

ing pangandika ngriku. Ing sasampunipun tembung بل فعله wonten padanipun. Dados tembung كبيرهم هذا punika pisah kaliyan tembung ingkang sapisan wau. Dipun tegesi: *panggedhéné iki kang nindakaké iku*, punika leres, manawi ing sawingkingipun tembung ingkang kaping sapisan boten wonten padanipun. Nanging rèhning ing sadaya kitab Quran ing ngriku punika mesthi wonten padanipun, mila kedahipun ukara kakalih wau kedah dipun tegesi piyambak-piyambak. Dados *fa'alahu* punika ateges *sawenèh kang anindakaké iku wis anindakaké iku* Rz: فعله من فعله déné tembung *bal* punika boten mesthi dados tembung ingkang kanggé ngorakaken (saking lingga *ora*) ukara ingkang sampun, wangsul asring kémawon namung ateges *lan* utawi *satemené*. LL nerangaken: "Tarkadhang tembung wau sok kanggé nembungaken gentos rembag, tanpa ngorakaken rembag ingkang rumiyin, sarta sami kaliyan *wa*, kados déné ing dhawuh Quran 85: 20, 21: والله من وراءهم محيط بل هو قران مجيد (*Lan Allah iku anglimputi dhèwèké saka sarupaning sisihé. O, iki Quran kang minulya*; utawi inggih saged tembung wau wonten ing ngriki mengku teges kados déné tuladha ing ngandhap punika) (Msb)." Déné ukara satunggalipun, inggih punika كبيرهم هذا ,punika rèhning pratélan ingkang boten sambet kaliyan ukara ingkang sampun, dados lajeng ateges: *iki panggedhéné*, awit punika boten dipun remuk déning Kanjeng Nabi Ibrahim, sarta sambet kaliyan ukara candhakipun: *mulané padha takonana, manawa padha bisa caturan*. Pratélan ingkang kantun nganggé tembung *jama'*, punika boten dados punapa, jalaran tuladha bangsanipun makaten punika, inggih punika *mufrad* lajeng gentos *jama'*, punika wonten ing kitab-kitab basa Arab sarta ing Quran Suci asring sanget kasebutaken, kados boten perlu kula terangaken.

1640. نكسوا على رءوسهم punika saged ateges *padha dinadèkaké tumungkul sirahé utawi padha diinger lan disungsang sirahé*. Wondéné *padha dinadèkaké tumungkul sirahé*, punika margi kawirangan, awit sesembahanipun kacihna anggènipun apes, ngantos mastani sinten tiyangipun ingkang damel pituna dhateng piyambakipun kémawon boten saged. Déné *padha diinger lan disungsang sirahé*, inggih punika: sami mundur palarasan saking anggènipun babantahan kaliyan Kanjeng Nabi Ibrahim ing sasampunipun sami ngakeni ringkihipun brahala-brahala wau.

68 Padha calathu: Obongen dhèwèké, lan padha mulungana sesembahan-sesembahanmu, manawa kowé padha arep tumandang gawé.

قَالُوْا حَرِّقُوْهُ وَانْصُرُوْٓا اٰلِهَتَكُمْ اِنْ
كُنْتُمْ فٰعِلِيْنَ ﴿٦٨﴾

69 Ingsun ngandika: É, geni! diadhem lan dislamet tumrap Ibrahim;[1641]

قُلْنَا يٰنَارُ كُوْنِيْ بَرْدًا وَّسَلٰمًا
عَلٰٓى اِبْرٰهِيْمَ ﴿٦٩﴾

70 Karepé arep padha nandukaké upayaning panglawan marang dhèwèké, ananging padha Ingsun dadèkaké wong kang banget kapitunan.[1642]

وَاَرَادُوْا بِهٖ كَيْدًا فَجَعَلْنٰهُمُ
الْاَخْسَرِيْنَ ﴿٧٠﴾

71 Lan Ingsun anylametaké dhèwèké tuwin Luth (ngalih) marang tanah kang ing kono Ingsun barkahi tumrap sakèhing manusa.

وَنَجَّيْنٰهُ وَلُوْطًا اِلَى الْاَرْضِ الَّتِيْ
بٰرَكْنَا فِيْهَا لِلْعٰلَمِيْنَ ﴿٧١﴾

72 Lan Ingsun aparing Ishaq marang dhèwèké apadéné Ya'qub, putu, sarta kabèh padha Ingsun dadèkaké wong tulus.[1643]

وَوَهَبْنَا لَهٗٓ اِسْحٰقَ ۗ وَيَعْقُوْبَ نَافِلَةً ۗ
وَكُلًّا جَعَلْنَا صٰلِحِيْنَ ﴿٧٢﴾

73 Lan dhèwèké padha Ingsun dadèkaké pangarep, kang nuntun (para manusa) kalawan paréntah-Ingsun, sarta Ingsun aparing wewedhar marang dhèwèké alaku becik lan anjumenengaké salat tuwin awèh zakat, apa déné marang Ingsun (dhéwé) anggoné padha ngabdi;

وَجَعَلْنٰهُمْ اَىِٕمَّةً يَّهْدُوْنَ بِاَمْرِنَا
وَاَوْحَيْنَآ اِلَيْهِمْ فِعْلَ الْخَيْرٰتِ وَاِقَامَ
الصَّلٰوةِ وَاِيْتَاۤءَ الزَّكٰوةِ ۚ وَكَانُوْا لَنَا عٰبِدِيْنَ ﴿٧٣﴾

1641. Lalampahan punika terang manawi ngurubaken latuning panglawan dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim, nanging punika boten saged mitunani panjenenganipun sarta panjenenganipun lastantun wilujeng boten kirang satunggal punapa. Ayat candhakipun nedahaken, bilih latu punika namung *kaid*, inggih punika panglawan ingkang sanget dhateng panjenenganipun, utawi perang anduwa panjenenganipun. Saged ugi para titiyang wau sami niyat badhé ambesmi Kanjeng Nabi Ibrahim, nanging upayanipun wau cabar atanpa dados. Salajengipun kula aturi mirsani 1910, 1910A.

1642. Miturut cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim ingkang kasebut ing Bébel, Kanjeng Nabi Ibrahim naté peperangan kaliyan sang nata Khedorlaomer, ratu ing Elam, tuwin para ratu sarajanipun, sarta Kanjeng Nabi Ibrahim unggul yudanipun. Kitab-kitab Yahudi ugi nyebutaken asmanipun ratu-ratu sawatawis ingkang dipun telukaken déning Kanjeng Nabi Ibrahim.

1643. Surat punika Surat Makkiyah (inggih punika dhawuh ingkang katurunaken ing Makkah). Punika anedahaken kalayan cetha, bilih panganggepipun Quran dhateng Kanjeng Nabi Ya'qub, punika

74 Apa déné Luth, iku Ingsun paringi kawicaksanan lan kawruh, sarta Ingsun salametaké saka ing kutha, kang alaku jember; sayekti dhèwèké iku para bangsa kang ala, murang yakti;

وَلُوطًا آتَيْنَٰهُ حُكْمًا وَعِلْمًا وَنَجَّيْنَٰهُ
مِنَ الْقَرْيَةِ الَّتِي كَانَت تَّعْمَلُ الْخَبَٰٓئِثَ ۗ
إِنَّهُمْ كَانُوا قَوْمَ سَوْءٍ فَٰسِقِينَ ﴿٧٤﴾

75 Lan dhèwèké Ingsun lebokaké marang ing wilasa-Ningsun; sayekti dhèwèké iku sawenèhing para wong tulus.

وَأَدْخَلْنَٰهُ فِي رَحْمَتِنَا ۖ إِنَّهُۥ مِنَ
الصَّٰلِحِينَ ﴿٧٥﴾

RUKU' 6

Allah milujengaken para Nabi saking mengsahipun

76, 77. Nabi Nuh dipun wilujengaken. 78-82. Allah amaringi kawruh lan kawasa dhateng Nabi Dawud lan Sulaiman. 83, 84. Nabi Ayub dipun wilujengaken. 85, 86. Nabi Ismail, Idris, sarta Dzulkifli dipun lebetaken dhateng wilasanipun Pangéran. 87, 88. Nabi Yunus dipun wilujengaken.89, 90. Panyuwunipun Nabi Zakariya dipun parengaken. 91. Siti Maryam kaliyan putranipun.92, 93. Sadaya manusa punika bangsa satunggal.

76 Lah Nuh, nalika dhèwèké anguwuh dhèk biyèn; lah Ingsun wis anyembadani marang dhèwèké, tumuli dhèwèké dalah pandhèrèké Ingsun salametaké saka babaya gedhé.

وَنُوحًا إِذْ نَادَىٰ مِن قَبْلُ فَاسْتَجَبْنَا
لَهُۥ فَنَجَّيْنَٰهُ وَأَهْلَهُۥ مِنَ الْكَرْبِ الْعَظِيمِ ﴿٧٦﴾

77 Sarta dhèwèké Ingsun pitulungi saka wong-wong kang padha angemohi marang timbalan-timbalan-Ingsun; sayekti dhèwèké iku wong-wong kang padha ala; mulané padha Ingsun kelem kabèh.

وَنَصَرْنَٰهُ مِنَ الْقَوْمِ الَّذِينَ كَذَّبُوا
بِـَٔايَٰتِنَا ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا قَوْمَ سَوْءٍ
فَأَغْرَقْنَٰهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٧٧﴾

78 Apa déné Dawud lan Sulaiman, nalikané sakaroné anibakaké pancasan prakara pagagan, nalikané wedhusé wong-wong padha nyenggut ing kono ing wayah bengi, lan marang pancasané Ingsun iki dadi saksi.

وَدَاوُۥدَ وَسُلَيْمَٰنَ إِذْ يَحْكُمَانِ فِي
الْحَرْثِ إِذْ نَفَشَتْ فِيهِ غَنَمُ الْقَوْمِ
وَكُنَّا لِحُكْمِهِمْ شَٰهِدِينَ ﴿٧٨﴾

sanès putranipun kakung Kanjeng Nabi Ibrahim, nanging *wayahipun*, awit *nâfilah* makaten tegesipun *putu*.

79 Lan iku Ingsun angertèkaké Sulaiman; lan sakaroné padha Ingsun paringi kawicaksanan lan kawruh; apa déné Ingsun ambangun-turutaké gunung-gunung lan manuk-manuk marang Dawud, dumunung anggoné mahasucèkaké (marang Ingsun);[1644] lan Ingsun iki Kang-Anindakaké.

فَفَهَّمْنَٰهَا سُلَيْمَٰنَ ۚ وَكُلًّا ءَاتَيْنَا
حُكْمًا وَعِلْمًا ۚ وَسَخَّرْنَا مَعَ دَاوُۥدَ
ٱلْجِبَالَ يُسَبِّحْنَ وَٱلطَّيْرَ ۚ وَكُنَّا
فَٰعِلِينَ ﴿٧٩﴾

80 Lan dhèwèké Ingsun wulang panggawéning kulambi keré tumrap marang sira, iku minangka panjaganing awakira saka (babayaning) papranganira; mulané apa sira padha (gelem) atur panuwun?[1645]

وَعَلَّمْنَٰهُ صَنْعَةَ لَبُوسٍ لَّكُمْ
لِتُحْصِنَكُم مِّنۢ بَأْسِكُمْ ۖ فَهَلْ
أَنتُمْ شَٰكِرُونَ ﴿٨٠﴾

81 Lan marang Sulaiman (Ingsun ambangun-turutaké) angin banter, *lumaku* kalawan paréntah Ingsun marang tanah, kang ing kono Ingsun barkahi, lan Ingsun iki Ingkang-Anguningani ing samubarang.[1646]

Ut. *anglakokaké (prau-prauné)*

وَلِسُلَيْمَٰنَ ٱلرِّيحَ عَاصِفَةً تَجْرِى
بِأَمْرِهِۦٓ إِلَى ٱلْأَرْضِ ٱلَّتِى بَٰرَكْنَا فِيهَا ۚ
وَكُنَّا بِكُلِّ شَىْءٍ عَٰلِمِينَ ﴿٨١﴾

1644. Ing panggènan sanès kasebutaken, bilih samukawis ing langit utawi ing bumi punika kadamel ambangun turut dhateng manusa (45: 13) sarta marambah-rambah kasebutaken, bilih lèpèn-lèpèn, seganten, surya lan rembulan, dalu lan raina, lan sanès-sanèsipun, punika sadaya kadamel ambangun turut dhateng manusa (16: 12, 14; 13: 2 lan sanès-sanèsipun). Punika anerangaken punapa tegesipun “samubarang kadamel ambangun turut” utawi *taskhir* punika, inggih punika namung ateges, bilih barang-barang wau kadamel amigunani dhateng manusa. Redi-redi sami mahasucèkaken punika inggih boten perlu dipun damel dodongèngan warni-warni, awit ing panggènan sanès sampun kadhawuhaken, bilih boten wonten barang satunggal kémawon ingkang boten mahasucèkaken ing Gusti Allah (17: 44).

Éwadéné kula aturi mirsani 2022, ing ngriku pratélan saminipun punika kasebutaken, sarta katerangaken bilih punika ngisarahi ing kamenanganipun Kanjeng Nabi Dawud. Dhawuh Quran ingkang nyebutaken Kanjeng Nabi Dawud, kajawi ing ngriki ing 2: 251; 4: 163; 5: 78; 6: 85; 27: 15, 16; 34: 10-13; 38: 17-30.

1645. Dhawuh punika boten asuraos anyebutaken, bilih ing sadèrèngipun Kanjeng Nabi Dawud tiyang dèrèng saged damel rasukan-keré. Panjenenganipun tansah apeperangan sarta mengsah-mengsahipun kiyat-kiyat sanget, sarta ingkang genah kémawon, wonten ing peperangan punika sadaya, panjenenganipun nyamektani upakartining perang dhateng wadyabala Israil sacekapipun. Dados saupami panjenenganipun nyamektani prajuritipun rasukan-keré ingkang sakalangkung kathah, kanggé rumeksa saking mengsah-mengsahipun, punika inggih boten nama anèh. Dodongèngan ingkang nyariyosaken, bilih tosan saged dados kados déné lilin (malam) wonten ing astanipun, punika lugu namung dodongèngan ingkang atanpa waton. Salajengipun mirsanana 2023 lan 2024.

1646. Dhawuh Quran ingkang nyebutaken Kanjeng Nabi Sulaiman, kadjawi ing ngriki, ing 2: 102; 4: 163; 6: 85; 27: 15-44; 34: 12-14; 38: 30-40. Teges ingkang kasebut ing margin punika mengku

Ar. *sétan*

82 Lan sawenèhé para *wong kang milawani* ana kang padha salulup kanggo dhèwèké lan padha anindakaké panggawéan saliyané mangkono iku; lan Ingsun iki Ingkang-Rumeksa marang dhèwèké kabèh;[1647]

وَمِنَ الشَّيٰطِيْنِ مَنْ يَّغُوْصُوْنَ لَهٗ وَيَعْمَلُوْنَ عَمَلًا دُوْنَ ذٰلِكَ ۚ وَكُنَّا لَهُمْ حٰفِظِيْنَ ﴿٨٢﴾

83 Lan Ayub, nalikané dhèwèké anguwuh Pangérané, (unjuké): Kawula punika kataman cintraka, saha Tuwan punika Welas-welasipun para ingkang sami ambek welas.

وَاَيُّوْبَ اِذْ نَادٰى رَبَّهٗٓ اَنِّيْ مَسَّنِيَ الضُّرُّ وَاَنْتَ اَرْحَمُ الرّٰحِمِيْنَ ﴿٨٣﴾

84 Mulané Ingsun anyembadani marang dhèwèké, tumuli Ingsun birat sarupané cintraka kang ana ing awaké, apa déné dhèwèké Ingsun paringi *pandhèrèk* lan sapapadhané padha manunggal: minangka wilasa saka ngarsa-Ningsun sarta pépéling tumrap para kang padha manembah.[1648]

Ut. *kula-wargané*

فَاسْتَجَبْنَا لَهٗ فَكَشَفْنَا مَا بِهٖ مِنْ ضُرٍّ وَّاٰتَيْنٰهُ اَهْلَهٗ وَمِثْلَهُمْ مَّعَهُمْ رَحْمَةً مِّنْ عِنْدِنَا وَذِكْرٰى لِلْعٰبِدِيْنَ ﴿٨٤﴾

---

tegesipun ingkang saleresipun tembung-tembung wau. Baita-prangipun Kanjeng Nabi Sulaiman punika ageng sanget pigunanipun tumrap panjenenganipun. Miturut babad Bébel, "kaliyan bangsa Phenesia panjenenganipun manunggil dadaganganipun mawi baita layar; saben tigang taun sapisan panjenenganipun ngintunaken baita-baitanipun saking Ezion-geber, ing sirahipun teluk Aqabah, dhateng Ophir, ambokmanawi kémawon ing pasisiripun jazirah Arab ingkang sisih wètan. Saking tanah ingkang tebih punika, lan tanah sanès-sanèsipun ingkang kamargèn, panjenenganipun saged angsal emas lan wulu-wedalipun nagari-nagari ingkang bentèr hawanipun, ingkang sakalangkung déning kathah sanget. Inggih awit saking anggènipun angsal pengasilan ingkang tanpa wilangan kathahipun wau, mila panjenenganipun ngantos prasasat tanpa wates kasugihanipun ingkang kanggé mewahi kaluhuraning kitha kerajanipun lan karatonipun, punapa déné kanggé nyampurnakaken tatananing prajanipun, inggih ingkang magepokan kaliyan pangrèh-praja, inggih ingkang magepokan kaliyan wadyabala" (Yewish Ency.). Kula aturi nyundhukaken ugi kaliyan 14: 32: "Lan Panjenengané iku kang ambangun-turutaké marang sira prau-prau, murih padha lalayaran ana ing sagara kalawan dhawuh-É," ingkang cocog sanget kalayan ingkang kasebutaken wonten ing ngriki punika. Tegesipun tembung *taskhir*, *ambangun-turutaké utawi ngerèhaké* punika kadospundi, kula aturi mirsani 1644.

1647. Para *syayathîn*, *sétan-sétan* ingkang sami slulup mendhet mutiara saking dhasaring saganten, punika sami kémawon kaliyan para tukang-slulup ing jaman samangké punika, namung kaot langkung kendel lan langkung kiyat, jalaran kala samanten kakiyatan punika kanggé angka satunggal, sanès kawruh kados ing jaman samangké. Tembung Arab *syaithân*, punika ateges: *tiyang*, utawi *jinn*, utawi *sato*, *ingkang sakalangkung gumedhé*, *andaga*, utawi *murang-tata* (LL). Salajengipun kula aturi mirsani 2027.

1648. *Pandhèrèk* utawi *kulawarganipun* Kanjeng Nabi Ayyub kaparingaken wangsul, punika boten ateges, bilih sami kagesangaken malih saking èwonipun tiyang ingkang sampun sami pejah. Awit, samangsa satunggaling tiyang punika pisah kaliyan kanca-kancanipun utawi kulawarganipun, manawi kempal utawi pinanggih malih, kénging winastan piyambakipun punika kaparingan wangsul

85 Apa déné Ismail lan Idris tuwin Dzulkifli; kabèh iku sawenèhing para wong sabar;[1649]

وَإِسْمٰعِيلَ وَإِدْرِيسَ وَذَا الْكِفْلِ ۖ كُلٌّ مِّنَ الصّٰبِرِينَ ﴿٨٥﴾

86 Sarta padha Ingsun lebokaké ing wilasa-Ningsun; sayekti dhèwèké iku sawenèhing para wong tulus.

وَأَدْخَلْنٰهُمْ فِى رَحْمَتِنَا ۖ إِنَّهُم مِّنَ الصّٰلِحِينَ ﴿٨٦﴾

87 Lan Yunus,[1650] nalikané lunga kalawan anawung bendu,[1651] banjur nyana, manawa Ingsun ora bakal angrupekaké dhèwèké,[1652] mulané ing sajroning *prihatin*[1653] dhèwèké anguwuh, unjuké: Boten wonten sesembahan kajawi Tuwan, mahasuci Tuwan punika; saèstu

Ar. *pepeteng*

وَذَا النُّونِ إِذ ذَّهَبَ مُغٰضِبًا فَظَنَّ أَن لَّن نَّقْدِرَ عَلَيْهِ فَنَادٰى فِى الظُّلُمٰتِ أَن لَّآ إِلٰهَ إِلَّآ أَنتَ سُبْحٰنَكَ ۖ إِنِّى

---

kanca-kancanipun utawi kulawarganipun, tanpa mengku teges, bilih para kanca lan kulawarga wau sami kagesangaken malih saking èwonipun para titiyang ingkang sampun pejah. Kula aturi mirsani 2144, 2145 tuwin 2146, ing ngriku katerangaken, bilih Kanjeng Nabi Ayyub kempal kaliyan kulawarganipun tuwin para mitranipun sasampuning panjenenganipun tindakan ngantos tebih, tur nandhang rekaos mawarni-warni.

1649. Asma *Dhu-l-kifl* ingkang kasebutaken ing ngriki, punika, tegesipun wantah *tiyang ingkang angsal panduman sapérangan nanging sampun nyekapi* (Rgh). Para mufassirin sami béda-béda ing pamanggih anggènipun mastani panjenenganipun wau, cocogipun kaliyan salah satunggaling nabi-nabi ingkang kasebut ing Bébel, wonten ingkang mastani bilih panjenenganipun punika Kanjeng Nabi Zakariya, Ilyas lan wonten ingkang mastani Kanjeng Nabi Yusya' (Rz). Rodwell nyebutaken, awawaton "*Travels of Niebuhr*," bilih titiyang Arab mastani Nabi Khizkiyal punika *Kifl*. Dados panginten bilih Dhulkifl punika Nabi Khizkiyal, punika langkung maton. Nabi punika namung kasebutaken sapisan malih, inggih punika ing 38: 48, nanging boten prabéda lan ing ngriki, ing ngriku inggih boten mawi kasebutaken lalampahanipun.

1650. *Dhunnun* punika asmanipun sanès Kanjeng Nabi Yunus, inggih punika nabi ingkang kasebutaken ing 6: 87; 10: 98, tuwin ing 37: 139. *Dhunnun*, punika wantahipun ateges *kang anduwéni iwak*, sarta paparab saminipun punika, inggih punika صاحب الحوت jawinipun: *mitraning iwak*, punika kasebutaken wonten ing 68: 48. Déné paparabipun Kanjeng Nabi Yunus punika, kapirid saking lalampahan nalika panjenenganipun dipun saut ing ulam, ingkang kateranganipun kasebutaken ing 2123.

1651. Kitab Quran babar pisan boten amulangaken, bilih Kanjeng Nabi Yunus bendu dhateng Gusti Allah. Sampun terang bilih ingkang dipun bendoni punika umatipun, margi saking anggènipun sami ambeguguk (Rz). Mirsanana ugi 2121.

1652. لن نقدر عليه punika miturut para mufassirin sami kaliyan لن نضيق عليه jawinipun *ora pisan-pisan Ingsun bakal angrupekaké dhèwèké*; makaten ugi inggih kados makaten punika anggènipun negesi para paramèng-basa dhateng tembung قدر عليه Kula aturi mirsani LL, ing ngriku nyebutaken wawaton sawatawis kathah.

1653. ظلمات البحر Punika tegesipun *babaya* utawi *rekaosipun wonten ing saganten* (M-LL). Mila rekaos punika kasanépakaken kaliyan *pepeteng*, awit samangsa tiyang punika wonten ing dalem rekaos, boten prabéda lan manawi wonten ing pepeteng, muk-mukan boten sumerep margi.

كُنْتُ مِنَ الظّٰلِمِيْنَ ﴿٨٧﴾

kawula punika sawenèhipun para ingkang adamel pituna ing badan-ipun piyambak.[1654]

فَاسْتَجَبْنَا لَهٗ ۙ وَنَجَّيْنٰهُ مِنَ الْغَمِّ ؕ وَكَذٰلِكَ نُـْۨجِي الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿٨٨﴾

88 Tumuli Ingsun anyembadani ing dhèwèké sarta ngentasaké dhèwèké saka ing prihatin, lan kaya mangkono anggon Ingsun anylametaké para wong angèstu.

وَزَكَرِيَّآ اِذْ نَادٰى رَبَّهٗ رَبِّ لَا تَذَرْنِيْ فَرْدًا وَّاَنْتَ خَيْرُ الْوٰرِثِيْنَ ﴿٨٩﴾

89 Lan Zakariya, nalikané nguwuh marang Pangérané: Pangéran kawula! mugi kawula sampun Tuwan togaken ijèn kémawon; saèstu Tuwan punika saé-saénipun para ingkang sami maris.[1655]

فَاسْتَجَبْنَا لَهٗ ۫ وَوَهَبْنَا لَهٗ يَحْيٰى وَاَصْلَحْنَا لَهٗ زَوْجَهٗ ؕ اِنَّهُمْ كَانُوْا يُسٰرِعُوْنَ فِي الْخَيْرٰتِ وَيَدْعُوْنَنَا رَغَبًا وَّرَهَبًا ؕ وَكَانُوْا لَنَا خٰشِعِيْنَ ﴿٩٠﴾

90 Tumuli Ingsun anyembadani marang dhèwèké sarta Ingsun paringi Yahya, apa déné dhèwèké rabiné Ingsun dadèkaké bisa becik;[1656] sayekti dhèwèké iku padha agancang-gancangan ing panggawé becik, sarta padha anyunyuwun marang Ingsun kalawan pangarep-arep lan kalawan wedi; apa déné padha konjem marang Ingsun.

وَالَّتِيْٓ اَحْصَنَتْ فَرْجَهَا فَنَفَخْنَا فِيْهَا مِنْ رُّوْحِنَا وَجَعَلْنٰهَا وَابْنَهَآ اٰيَةً لِّلْعٰلَمِيْنَ ﴿٩١﴾

91 Lan (wong wadon) kang rumeksa kasuciané;[1657] tumuli ing jeroné Ingsun tiyup *wewedharing sabda*[a] *saka* Ingsun, sarta dhèwèké lan anaké lanang Ingsun dadèkaké tandha tumrap sakèhing bangsa.

Ut. *rûh*
a. 653

1654. Panyuwunipun Kanjeng Nabi Yunus punika saged suka gagambaran dhateng kula sami candraning watekipun manusa samangsa nemahi rekaos. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih manusa punika tansah andadosaken awakipun piyambak nandhang pituna. Nugrahaning Pangéran, ingkang ngentasaken piyambakipun. "Kawula" ing ngriku mengku teges "manusa." Déné tembung "*dzulm*," miturut sawenèh ngulami, tegesipun ingkang sakawit *nuqsh* (MF, TA), jawinipun: *adamel nandhang pituna* utawi *karusakan* (LL).

1655. Inggih punika, tiyang ingkang lastantun gesang mangka tiyang sanès-sanèsipun sampun sami pejah.

1656. *Bisa becik* punika tegesipun saged nglahiraken anak, awit garwanipun Kanjeng Nabi Zakariya punika kakinten manawi gabug.

1657. Dhawuh punika boten wonten ingkang mangandikakaken bab "kalahiraken kalayan mulus suci ing dosa" (kados piwulangipun Nasrani Katolik, ingkang amastani, bilih sadaya manusa sami

Ut. *umatira*

92 Sayekti, iki *agamanira agama* (mung) sawiji, lan ingsun iki Pangéranira; mulané padha angabdia marang Ingsun.[1658]

إِنَّ هَٰذِهِۦٓ أُمَّتُكُمْ أُمَّةً وَٰحِدَةً وَأَنَا۠ رَبُّكُمْ فَٱعْبُدُونِ ٩٢

93 Lan dhèwèké padha medhot prakarané antarané golongané; kabèh bakal padha bali marang Ingsun.

وَتَقَطَّعُوٓا۟ أَمْرَهُم بَيْنَهُمْ كُلٌّ إِلَيْنَا رَٰجِعُونَ ٩٣

RUKU' 7

Para titiyang tulus sami badhé amaris bumi

94. Ganjaranipun tiyang tulus. 95. Tiyang pejah boten badhé gesang malih. 96-100. Ya'juj lan Ma'juj sarta para ingkang sami anasaraken ing sanès sami badhé dipun pidana. 101-105. Para tiyang tulus sami badhé amaris bumi. 106. Kanjeng Nabi Suci punika kautus, minangka wilasa tumrap sadaya bangsa. 107-112. Para ingkang sami milawani badhé tampi pancasaning pangadilan.

94 Mulané sapa sing anglakoni panggawé becik sarta dhèwèké iku wong angèstu, lah ora bakal disilep lakuné, lan sayekti, (iku) Ingsun tulisi tumrap dhèwèké.

فَمَن يَعْمَلْ مِنَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَا كُفْرَانَ لِسَعْيِهِۦ وَإِنَّا لَهُۥ كَٰتِبُونَ ٩٤

95 Lan wis tan kena ora, tumrap kutha kang Ingsun lebur, sayekti dhèwèké ora bakal padha bali.[1659]

وَحَرَٰمٌ عَلَىٰ قَرْيَةٍ أَهْلَكْنَٰهَآ أَنَّهُمْ لَا يَرْجِعُونَ ٩٥

---

kadunungan dosa asal utawi dosa warisan, kajawi Siti Maryam piyambak, ingkang miyosipun murni-mulus tan kalepetan ing dosa. *Pan*.). Rumeksa ing kasuciané, inggih punika tegesipun ingkang sajati tembung احصنت فرجها punika boten kok mengku teges boten ngéngingaken kempalipun jaler lan èstri ingkang sesémahan kalayan apsah.

1658. Ing sadaya jaman lan ing sadaya nagari, piwulang ingkang mangka tatales dhadhasaring sadaya agami ingkang kawulangaken déning para andika nabi, punika sami kémawon sarta namung wonten warni satunggal, inggih punika: Gusti Allah punika Gustinipun sadaya samukawis, sarta ngemungaken Panjenenganipun Pribadi ingkang kedah dipun sembah. Tembung *ummah* punika kénging dipun tegesi *ummat*, kénging dipun tegesi *agami* (Rgh). Tembung *ummah* ingkang ateges agami wau ugi dipun agem wonten ing Quran Suci, kadosta ing 43: 22, malah kapara teges punika teges ingkang sekawit, ingkang mengku kajeng margi utawi *enering panindak* sarta ugi ateges *agami* (LL). Tatales dhadhasaring agaminipun para nabi punika namung satunggal lan sami kémawon, dados para andika nabi piyambak, punika sampun awujud umat satunggal.

1659. Tembung *qaryah*, utawi *kutha* ing ngriki, punika tegesipun: *wonging kutha*. Déné *haram* tegesipun: *wâjib*, ing basa Jawi inggih *wajib*, *perlu*, *kedah*. Miturut *Kasâi*, I'Ab negesi tembung punika, nanging ingkang radi éwah sakedhik ungelipun, inggih kados makaten wau. Minangka kanggé tuladha kanggé ngiyataken teges wau, panjenenganipun mawi nyebutaken kidunganipun Abdu-r-Rahman bin Jumanah, inggih punika satunggaling juru-kidung nalika jaman Jahiliyah, ingkang ungelipun makaten: فان حراما لا ارى الدهر باكيا ❖ على شجوه الا بكيت على عمرو Lah ing ngriku terang tembung *haram* punika sami kaliyan tembung *wajib* (Rz). Ayat punika medharaken kasunyatan ageng, inggih punika: bilih tiyang ingkang sampun sami kaicipaken ing pejah, punika boten badhé dipun wangsulaken malih dhateng donya punika. Nisai tuwin Ibnu Majah ngriwayataken hadits

a. 1523
Ut. *digawé angalahaké (jagad)*
Ut. *diucul-aké*

96 Dalasan nganti[1660] nalikané Ya'juj lan Ma'juj[a] *diwenangi* sarta bakal padha sumebar saka sarupaning panggonan kang dhuwur.[1661]

حَتّٰىٓ اِذَا فُتِحَتْ يَاْجُوْجُ وَمَاْجُوْجُ وَهُمْ مِّنْ كُلِّ حَدَبٍ يَّنْسِلُوْنَ ﴿٩٦﴾

97 Sarta janji kang nyata bakal wis caket, lah ing kono mripat-mripaté para kang padha kafir padha maleleng: O, cilaka aku iki, temen aku iki biyèn padha ana ing sajroning léna tumrap prakara iki, malah aku iki biyèn padha atindak dudu.

وَاقْتَرَبَ الْوَعْدُ الْحَقُّ فَاِذَا هِيَ شَاخِصَةٌ اَبْصَارُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْاؕ يٰوَيْلَنَا قَدْ كُنَّا فِيْ غَفْلَةٍ مِّنْ هٰذَا بَلْ كُنَّا ظٰلِمِيْنَ ﴿٩٧﴾

98 Sayekti, sira kabèh lan apa kang padha sira sesembah saliyané Allah, iku urub-urubing naraka; sira bakal padha tumeka mrono.

اِنَّكُمْ وَمَا تَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ حَصَبُ جَهَنَّمَؕ اَنْتُمْ لَهَا وٰرِدُوْنَ ﴿٩٨﴾

99 Lamun ta iku sesembahan, amasthi ora bakal padha tumeka mrono sarta kabèh bakal padha ana ing kono olèhé manggon.

لَوْ كَانَ هٰٓؤُلَآءِ اٰلِهَةً مَّا وَرَدُوْهَاؕ وَكُلٌّ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ﴿٩٩﴾

100 Ana ing kono bagéané bakal padha menggèh-menggèh sarta ana ing kono ora bakal padha ngrungu.[1662]

لَهُمْ فِيْهَا زَفِيْرٌ وَّهُمْ فِيْهَا لَا يَسْمَعُوْنَ ﴿١٠٠﴾

pangandikanipun Kanjeng Nabi, ingkang suraosipun makaten: Jabir, anakipun jaler Abdullah, dipun paringi sumerep déning Kanjeng Nabi, bilih Abdullah, bapakipun, ingkang pejah sahid nalika tumut peperangan nglawan mengsah-mengsahipun Islam, nalika kadangu déning Gusti Allah Ta'ala punapa ingkang dipun péngini sanget unjukipun kepéngin wangsul dhateng ngalam donya sarta lajeng pejah malih karana nglabuhi yakti; nanging piyambakipun lajeng nampèni dhawuh wangsulan, bilih ingkang makaten punika boten saged tumindak, awit "sabda iku wus kawijil saka Sariraningsun, *yèn sayekti iku ora bakal padha bali*." Lah ukara ingkang wekasan punika terang manawi wekasaning dhawuh ing ayat punika. Awit saking punika dados, manawi ayat punika kacundhukakèn kaliyan hadits wau, saged suka pancasan ingkang gumathok, bilih boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang sampun pejah, wangsul gesang dhateng ngalam donya punika. Makaten ugi ayat punika inggih anedahaken, bilih satunggaling umat ingkang dipun lebur, punika boten ngadeg malih.

1660. Ayat ingkang sampun, isi dhawuh ingkang nyegah tiyang ingkang sampun pejah wangsul gesang malih dhateng ngalam donya, utawi umat-umat ingkang sampun kalebur jumeneng malih. Déné ayat punika anedahaken, bilih dalasan Ya'juj lan Ma'juj pisan, nadyan saged angsal kemenangan ageng wonten ing donya punika, meksa inggih badhé teluk dhateng angger-angger punika. Kateranganipun tembung *hatta* ingkang ateges *dalasan*, kula aturi mirsani LL, ingkang nyebutaken Mgh.

1661. Punika anedahaken, bilih badhé dhateng masakalanipun Ya'juj lan Ma'juj menang ing saindhenging bawana. Déné sumebar saking sarupaning panggènan ingkang inggil, punika tegesipun nyepeng sarupaning pangkat ingkang mikantuki saha ingkang minulya.

1662. Sinten ingkang nalikanipun wonten ing donya ngriki boten purun mirengaken piwulangipun yakti, ing gesang sasampuning pejah, badhé tinangèkaken kalayan nandhang budheg.

101 Sayekti, para kang wus padha andhingini olèh becik saka Ingsun, iku bakal diedohaké saka ing kono;[1663]

إِنَّ الَّذِينَ سَبَقَتْ لَهُم مِّنَّا الْحُسْنَىٰ أُولَٰئِكَ عَنْهَا مُبْعَدُونَ ﴿١٠١﴾

102 Ora bakal padha ngrungu lamat-lamating swarané, sarta bakal padha manggon ana ing panggonan kang dadi kapéngi-naning jiwa-jiwané.[1664]

لَا يَسْمَعُونَ حَسِيسَهَا ۖ وَهُمْ فِي مَا اشْتَهَتْ أَنفُسُهُمْ خَالِدُونَ ﴿١٠٢﴾

103 Lalakon gedhé banget kang anggigirisi ora bakal anusahaké dhèwèké sarta malaikat bakal padha anemoni dhèwèké: Punika *dinten*, ingkang sampun kajanjèk-aken ing ijengandika.

Ar. *dinten ijengandika*

لَا يَحْزُنُهُمُ الْفَزَعُ الْأَكْبَرُ وَتَتَلَقَّاهُمُ الْمَلَائِكَةُ هَٰذَا يَوْمُكُمُ الَّذِي كُنتُمْ تُوعَدُونَ ﴿١٠٣﴾

104 Ing dinané Ingsun bakal anggulung langit kaya panggu-lungé lunthungan tumrap tutulisan; iku bakal Ingsun bangun manèh kaya déné anggon Ingsun amur-wani tumitah sakawit; sawijining ubaya kang tetep ingatasé Ingsun; sayekti Ingsun bakal nindakaké iku.[1665]

يَوْمَ نَطْوِي السَّمَاءَ كَطَيِّ السِّجِلِّ لِلْكُتُبِ ۚ كَمَا بَدَأْنَا أَوَّلَ خَلْقٍ نُّعِيدُهُ ۚ وَعْدًا عَلَيْنَا ۚ إِنَّا كُنَّا فَاعِلِينَ ﴿١٠٤﴾

1663. Ayat punika nulak kalayan keras pamanggih ingkang lepat, ingkang mastani, bilih nadyan tiyang tulus pisan, mesthi mawi nyemplung naraka rumiyin. Lah ing ngriki kadhawuhaken, bilih para titiyang tulus wau badhé tinebihaken saking ngriku, ngantos suwantenipun naraka ingkang lamat-lamat boten kepireng déning piyambakipun.

1664. Nugraha ingkang dipun pingini sanget déning jiwanipun para tulus, inggih punika sasambetan kaliyan Pangéran. Milanipun inggih ing dalem nugraha punika badhé gesangipun para tiyang wau bénjing wonten ing akhirat.

1665. Langit kagulung tuwin titah anyar katitahaken, punika nyasmitani pambangunan ingkang sampurna, ingkang badhé kalampahan wonten ing tanah Arab déning ayahan ingkang kaampil déning Kanjeng Nabi. Pambangunan wau pambangunan ingkang sakalangkung ageng, ngantos prasasat bumi langit sami éwah sadaya. Bangsa ingkang remen peperangan sami bangsa piyambak, ingkang mahanani wontenipun reretu saha reresah ingkang boten wonten telas-telasipun wonten ing nagari, malik grembyang dados bangsa ingkang manunggil, jumedhul kalayan ambekta kamenangan lan papadhang. Gagasan ingkang asor kados ingkang dumunung wonten ing laré alit, tuwin gugon-tuhon panasaran yasanipun para tukang-pethèk, dhukun-préwangan saha para manembah-lintang, punapa déné penembah-brahala ingkang ngasoraken kudrat dumadosipun manusa piyambak, sirna atanpa tilas, ingkang wonten ngemungaken sumarah ingkang ambabarpisani dhateng karsanipun Pangéran saha sasambetan kaliyan Tukipun ingkang sajati sawarnining kasucian. Katerangan makaten wau dipun kiyataken déning ayat sambetipun.

105 Lan sayekti, temen wus Ingsun tulis ing dalem Kitab ing sawusing pépéling, yèn bumi, iku kang bakal maris kawula-Ningsun para wong kang tulus.[1666]

وَلَقَدْ كَتَبْنَا فِي الزَّبُورِ مِنْ بَعْدِ الذِّكْرِ أَنَّ الْأَرْضَ يَرِثُهَا عِبَادِيَ الصَّالِحُونَ ﴿١٠٥﴾

106 Sayekti, ing sajeroné iki, iku sawijining ayahan marang wong kang padha angabdi (marang Ingsun).

إِنَّ فِي هَٰذَا لَبَلَاغًا لِقَوْمٍ عَابِدِينَ ﴿١٠٦﴾

107 Lan anggon-Ingsun angutus ing sira iku ora liya kajaba minangka wilasa tumrap sakèhing bangsa.[1667]

وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا رَحْمَةً لِلْعَالَمِينَ ﴿١٠٧﴾

108 Calathua: Mung sabda kawedharaké marang aku, manawa sesembahanmu iku Sesembahan sawiji; lah apa kowé padha gelem sumarah?

قُلْ إِنَّمَا يُوحَىٰ إِلَيَّ أَنَّمَا إِلَٰهُكُمْ إِلَٰهٌ وَاحِدٌ ۖ فَهَلْ أَنْتُمْ مُسْلِمُونَ ﴿١٠٨﴾

1666. Sampun marambah-rambah Quran memèngeti para kafir, bilih agami Islam mesthi badhé menang wonten ing tanah Arab, tuwin para kawula ingkang tulus ingkang sami nandhang panganiaya punika, ing satunggaling wekdal mesthi badhé nyepeng tanah Arab. Dhawuh punika ugi mengku piweca, bilih Tanah Suci mesthi badhé kadarbé ing para Muslimin. Piweca punika katuhonan wahananipun nalika jamanipun Khalifah ‘Umar. Kula aturi mirsani Zabur 37: 29.

1667. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih dhawuh punika wigatos mangandikakaken pengrengkuh ingkang kaliyan sih-wilasa, ingkang katumrapaken dhateng para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi. Suprandéné suraosipun ingkang sajati dhawuh punika mangandikakaken, bilih rawuhipun Kanjeng Nabi, punika boten namung dados wilasa tumrap bangsa Arab kémawon, inggih punika déné sampun andadosaken bangsa Arab wau dados bangsa ingkang onjo wonten ing donya, nanging ugi dados wilasa tumrap manusa sadaya. Malah menggah ing sajatos-jatosipun, piwulangipun Quran punika boten namung maédahi pendhèrèkipun Islam kémawon, nanging dalasan para ingkang taksih milawani piwulangipun Islam inggih angsal paédah, awit nadyan sami milawani, piyambakipun sami nganggé piwulangipun Islam ingkang adiluhung kathah sanget. Dalasan bangsa-bangsa ing tanah Eropah, punika inggih badhé kacihna bilih anggènipun manggih kabegjan ageng, punika margi saking anggènipun sami nindakaken tatales-tatalesipun Islam. Kajawi punika, mila agami Islam dados wilasa tumrap sadaya bangsa, awit Islam punika sampun mangsulaken dhateng donya punika sawarnining piwulang ingkang mahanani ing kaluhuran saha kaagunganipun manusa, ingkang ing donya babar pisan boten wonten kakantunanipun nalika jaman sadèrèngipun agami Islam rawuh, sarta margi agami Islam punika nyirnakaken pangandel gugon-tuhon tuwin piwulang sanès-sanèsipun ingkang ngasoraken manusa.

Dhawuh pangandika punika anetepaken kaliyan cetha, ing kaluhuranipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad angungkuli nabi sanès-sanèsipun ing jagad. Awit sadhéngah nabi ing sadèrènging panjenenganipun, punika kautusipun minangka wilasa tumrap satunggaling umat ingkang tartamtu, nanging Kanjeng Nabi Muhammad kautusipun minangka wilasa tumrap dhateng saindhenging bawana. Lumantar panjenenganipun, sadaya umat ing bumi badhé binarkahan. Sarta sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih pepeteng andhedhet lilimengan ingkang nyrambahi ing saindhenging jagad nalika jaman sadèrènging miyosipun Kanjeng Nabi Muhammad, punika sirna sami sanalika déning rawuhing panjenengaipun, sarta papadhang lan kawruh, sami tutwingking Islam.

109 Déné manawa dhèwèké padha maléngos, banjur calathua: Anggonku awèh pépéling marang kowé kalawan sabener-beneré, lan aku ora weruh apa wis cedhak apa isih adoh barang kang diancamaké marang kowé iku:

فَإِن تَوَلَّوْا فَقُلْ آذَنتُكُمْ عَلَىٰ سَوَاءٍ ۖ وَإِنْ أَدْرِي أَقَرِيبٌ أَم بَعِيدٌ مَّا تُوعَدُونَ ﴿١٠٩﴾

110 Sayekti Panjenengané iku angudanèni pangucap kang kalair sarta Panjenengané angudanèni apa kang kosidhem:

إِنَّهُ يَعْلَمُ الْجَهْرَ مِنَ الْقَوْلِ وَيَعْلَمُ مَا تَكْتُمُونَ ﴿١١٠﴾

111 Apa déné aku ora weruh, manawa-manawa iku minangka coba tumrap kowé lan pasadhiyan tumeka sawatara mangsa.

وَإِنْ أَدْرِي لَعَلَّهُ فِتْنَةٌ لَّكُمْ وَمَتَاعٌ إِلَىٰ حِينٍ ﴿١١١﴾

112 Calathuné: Dhuh pangéran kawula! mugi Tuwan mancasi kalayan yakti; sarta Pangéranku iku Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Disuwuni-pitulung anulak sabarang kang koanggo anyifati (Panjenengané).

قَالَ رَبِّ احْكُم بِالْحَقِّ ۗ وَرَبُّنَا الرَّحْمَٰنُ الْمُسْتَعَانُ عَلَىٰ مَا تَصِفُونَ ﴿١١٢﴾

ركوعاتها ١٠ سُوْرَةُ الْحَجِّ مَكِّيَّةٌ (٢٢) اٰياتها ٧٨

SURAT 22

AL-HAJJ

(*Haji*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*10 ruku', 78 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Pancasan.
Ruku' 2. Kayakinan dhateng pitulungipun Pangéran.
Ruku' 3. Para mukmin badhé unggul.
Ruku' 4. Padaleman Suci.
Ruku' 5. Kurban.
Ruku' 6. Para mukmin dipun idini perang.
Ruku' 7. Panglawan dhateng Kanjeng Nabi Suci.
Ruku' 8. Para susatya badhé katetepaken wonten ing bumi.
Ruku' 9. Wilasanipun Pangéran ing dalem anggèn-Ipun angasta manusa.
Ruku' 10. Panembah-pangéran-kathah badhé dipun rungkad.

Namanipun tuwin gathukaning suraosipun

Punika surat ingkang kaping nem tumrap golongan Makkiyah ingkang angka tiga. Surat ingkang sampun mangandikakaken menangipun yakti ingkang wekasan ing saumumipun, surat punika mangandikakaken mligi menangipun yakti ingkang kagelaraken déning Kanjeng Nabi Suci ing Makkah; panjenenganipun tinundhung saking Makkah, sarta kitha punika kadhawuhaken kalayan cetha wonten ing ngriki bilih calon badhé dados punjeripun titiyang Muslimin, para ingkang sami ziyarah haji saking saindhenging jagad badhé nglempak wonten ing ngriku. Ing ngriki ugi para Muslimin dipun idini perang karana rumeksa Padaleman Suci, ingkang menggah ing sajatos-jatosipun rumeksa kamardikanipun sadaya agami. Sababipun déné surat punika winastan *Haji*, jalaran pranatan ngibadah haji ingkang asalipun kaundhangaken déning Kanjeng Nabi Ibrahim, punika ing sapunika dipun ambali déning Kanjeng Nabi sarta kaundhangaken dhateng saindhenging jagad, sampun boten winatesan namung ing tanah Arab thok. Lastantunipun pranatan haji, punika sajatosipun dados tandhayekti lastantunipun Islam, awit saking punika maksudipun ingkang sajati undhang-undhang bab haji punika ngundhangaken kamenanganipun Islam.

Ingkang kawarsitakaken

Urut-urutaning dhawuh ing dalem surat punika kacetha wonten ing pratélan pathinipun surat punika. Ing wekasaning surat ingkang sampun, para titiyang tulus dipun paringi janji bilih badhé sami maris bumi. Punika mengku teges leburipun titiyang ingkang ing sapunikanipun nguwaosi para tulus wau, milanipun wonten ing ayat-ayatipun surat punika ingkang wiwitan para titiyang wau sami dipun paringi pèpènget bilih pancasan sampun celak sarta leburipun wau anggigirisi sanget. Ruku' ingkang kaping kalih andhawuhaken kalayan tetembungan ingkang cetha tuwin ceplos, bilih pitulungipun Pangéran dhateng Kanjeng Nabi punika sampun genah, déné mila dhawuh wau kawiyos kalayan antep ceplos, punika margi ing wekdal wau Kanjeng Nabi sakalangkung déning apes kawontenanipun, pangrencana awon sampun karakit kalayan mateng atharik-tharik lumawan panjenenganipun, sarta panjenenganipun sampun mèh ngungsi nebihi mengsah-mengsahipun. Ruku' candhakipun andhawuhaken kenceng kamenanganipun para mukminin, ingkang ing sapunikanipun sami lumajeng ngungsi kalih-kalih lan tiga-tiga karana anyingkiri panganiayaning mengsahipun ingkang wengis lan remen atindak niaya. Kamenanganipun kaum Muslimin punika mengku teges ugi bedhahipun Makkah,

awit tanpa punjer ruhani punika, kamenanganipun boten sampurna, awit saking punika mila ruku' ingkang kaping sakawan lajeng mangandikakaken bab Padaleman Suci tuwin bab ziyarah haji mriku. Bab ingkang ugi sasambetan kaliyan prakawis wau, inggih punika bab kurban, karembag wonten ing ruku' candhakipun, sarta pangurbananipun titiyang Muslimin piyambak, ingkang ing sapunika kadhawuhaken, ingih punika ngurbanaken jiwa raganipun karana yakti, kapangandikakaken wonten ing ruku' ingkang kaping nem, inggih punika ingkang lajeng dados pupucuking rembag bab prakawis perang. Panglawan dhateng Kanjeng Nabi Suci kasebutaken wonten ing ruku' ingkang kaping pitu, déné ruku' ingkang kaping wolu nyebutaken kalayan cetha bilih para angèstu badhé katetepaken wonten ing bumi manawi sami purun kurban ageng-agengan. Nanging garapipun Allah punika nadyan dhateng para mengsahing yakti kalayan wilasa, awit saking punika mila ing sawatawis wekdal siksanipun dipun sumenèkaken. Bab punika kapangandikakaken wonten ing ruku' ingkang kaping sanga, ingkang ugi anedahaken bilih namung béda ing pangandel punika boten murugaken angsal pidana wonten ing donya punika. Ruku' ingkang kaping sadasa, inggih punika ruku' ingkang pungkasan piyambak, ngringkes dhawuh sadaya sarana anedahaken bilih panembah-brahala punika ing wasananipun mesthi badhé dipun rungkad dalah saoyod-oyodipun pisan.

Titimangsa tumurunipun

Nadyan sadaya ngulami angakeni bilih sabagéan ageng surat punika kadhawuhaken ing Makkah, éwadéné tumrap sawenèh ayat-ayatipun wonten ingkang mastani bilih tumurunipun punika wonten ing Madinah, I'Ab kagungan pamanggih bilih ayat 19-22 punika kagolong wahyu Madaniyah (AH), déné ayat-ayat sanèsipun ing surat punika sadaya kaanggep wahyu Makkiyah. Nanging pamanggihipun I'Ab bab wekdal saha panggènan tumurunipun ayat-ayat wau boten adhadhasar katerangan ingkang saking babad, nanging sajatos-jatosipun tuwuh saking panyuraosipun dhateng ayat-ayat wau. Panjenenganipun kagungan pamanggih bilih dhawuh: *iki rong golongan kang padha babantahan ing dalem prakara Pangérané* punika ingkang dipun karsakaken dhawuh golongan kakalih ing Badar; nanging ungeling dhawuh ingkang asli anedahaken bilih ingkang dipun karsakaken punika para tiyang mukmin lan para tiyang kafir umumipun; ayat-ayat wau mangandikakaken wadyabala kakalih ingkang campuh perang sarta inggih boten wonten ingkang anedahaken bilih ayat-ayat wau mangandikakaken golongan kakalih ingkang ababantahan prakawis agami. Kosokwangsulipun, ayat-ayat wau mathuk dipun suraos kados ingkang sampun katerangaken ing nginggil. Langkung-langkung malih saupami ayat-ayat punika boten kasebutaken ing ngriku, mesthi ambibrahaken lalajenganipun bab ingkang karembag. Wiwitaning dhawuh ing ayat 18 mangandikakaken kalayan terang golongan kakalih, para kafir lan para angèstu; ing ayat 18 ngriku golonganing tiyang warni kalih wau kasebutaken makaten: sapisan tiyang ingkang manut miturut ing Allah, kaping kalih tiyang ingkang kedahipun angsal siksa; golongan ingkang angka kalih punika kapangandikakaken ing ayat 19-22, ing ngriku katerangaken kalayan cetha siksanipun; wondéné golongan ingkang sapisan kapangandikakaken ing ayat 23, 24. Dados awit saking punika ayat 19-22 punika tumurunipun mesthi sareng kaliyan ayat-ayat tunggilipun wau, sarta anggènipun asli wahyu Makkiyah, punika sampun genah tanpa wonten semang-semangipun malih.

Tuwan Rodwell sampun cetha lepat anggènipun anggolongaken surat punika wonten ing éwonipun wahyu Madaniyah akhir; sarta piyambakipun inggih klèntu sanget manawi gadhah panganggep bilih surat punika kalebet ingkang angka 107 tumrap urut-urutaning tumurunipun wahyu. Tuwan Muir anggolongaken surat punika wonten ing telas-telasaning surat-surat Makkiyah jaman ingkang kaping gangsal; pasaksèn saking jawi lan saking nglebet (mirid suraosipun), anedahaken bilih pamanggihipun wau leres. Pamanggih ingkang mastani ayat 26-41, ingkang mangandikakaken bab ngibadah haji, kagolong Madaniyah, punika pamanggih ingkang tanpa waton. Nanging tumrap ayat 39-41, prayogi kula aturaken pisan, bilih nadyan ayat-ayat wau mangandikakaken idin perang, nanging punika boten lajeng kénging kanggé masthèkaken bilih tumurunipun wonten ing Madinah, dupèh ing Makkah boten naté wonten perang. Rembagipun ingkang panjang bab prakawis punika mirsanana 1697. Pantes dipun pèngeti bilih sumpah prasetya-nipun para titiyang Madinah ingkang ngrasuk Islam, ing 'Aqabah, nalika sadèrèngipun Kanjeng Nabi hijrah, punika isi janji prasetya bilih sami badhé perang ambélani Kanjeng Nabi. Sumpah prasetya ingkang makaten punika mesthi boten dipun wontenaken, manawi wahyu ingkang ngidini perang karana rumeksa dhiri punika dèrèng katurunaken dhateng Kanjeng Nabi. Bab prakawis ayat 58, 59, mirsanana 1705, déné prakawis ayat 67, boten kacetha watonipun winastan wahyu Madaniyah punika.

RUKU' 1

Pancasan

1, 2. Pancasan anggigirisi. 3, 4. Para tiyang ingkang sami angemohi. 5-7. Titiyang pejah sami badhé dipun tangèkaken. 8-10. Asor wonten ing donya minangka cacala siksa ing akhirat.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسۡمِ اللّٰهِ الرَّحۡمٰنِ الرَّحِيۡمِ ○

1 É, para manusa! dipadha prayitna marang (pidananing) Pangéranira; sayekti gonjang-ganjinging[1668] "wayahé" iku sawijining barang kang anggiggirisi.[1669]

يٰۤاَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوۡا رَبَّكُمۡ ۚ اِنَّ زَلۡزَلَةَ السَّاعَةِ شَىۡءٌ عَظِيۡمٌ ①

1668. Tembung *zalzalah* punika aslinipun ateges *gonjang-ganjing* (I'Ab, Rz), mila زلزلة الارض punika tegesipun *lindhu*. Nanging kanggénipun tembung punika ingkang kalayan mengku suraos sanèsipun malih, punika wiyar sanget tebanipun. Asalipun *zalzala* punika ateges: *andadèkaké ing dhèwèké dumunung ana ing kaanan worsuh* (LL). Ukara جآء بالابل يزلزلها punika mengku teges: *dhèwèké teka kalawan anggawa unta, kang digiring kalawan sarosa* (TA). Sarta miturut TA wau ugi punika زلزل القوم ateges: *kaum iku nyalèwèng saka dadalan sing bener sarta atiné padha katiyupan ing wedi*. Pantes pinèngetan, kanggènipun tembung punika mligi kanggé nembungaken kawonipun mengsah, mengku suraos manahipun sami katiyupan ing ajrih. Kadosta ing 33: 11 wonten tembungipun ingkang kados makaten wau, makaten ugi ing dalem donganipun Kanjeng Nabi, nalika sadaya pancer Arab sami sekuton sumedya numpes umat Islam ing Madinah ingkang sakedhik cacahipunpunika, wonten ukaranipun ingkang mungel makaten اللّٰهم اهزم الاحزب وزلزلهم ingkang jawinipun: *Dhuh Gusti Allah! mugi Paduka ambibaraken wadyabala ingkang sami kerig lampit ngempal dados satunggal punika lan mugi Paduka andadosaken kawontenanipun para titiyang wau mutawatosi tumrap piyambakipun* (TA-LL). Utawi tembung *zalzilhum* wau kénging kula tegesi: *mugi Paduka tiyupaken giris dhateng manah-manahipun* (IAs). Miturut Ibnu Anbari tembung اصابت القوم زلزلة punika ateges: *Rasa giris ngenani kaum iku* (LL). Tembung *zalâzil* (inggih punika *jama*-ipun tembung *zalzalah*, dados sanès kok *jama'*-ipun tembung *mufrad* ingkang boten kasumerepan, kados déné pamanggihipun LL, punika kalayan cetha dipun tegesi: *rekaos*, *cobi*, *kasusahan* (TA-LL). Dados *zalzalatu-s-sâ'ah*, boten sanès kajawi mengku teges *giris* utawi *kasusahaning sa'até* (*wayahé*). Kados makaten punika ugi salah satunggaling teges ingkang dipun anggé déning AH.

1669. Ing Quran Suci, tembung *As-sa'ah* utawi "wayahé" punika boten mesthi mengku teges: dinten pancasan (dinten kiyamat). Asring kémawon tembung wau mengku teges wanci dhumawahing pancasan ing gesang sapunika-punika ugi, inggih punika wekdal nalikanipun pidana ingkang kaancamaken, dhumawah saèstu dhateng satunggaling kaum. Sarta inggih teges punika sajakipun teges ingkang dipun agem wonten ing ngriki, awit ayat sambetipun anggambaraken kawontenan ingkang anggigirisi wau kalayan tetembungan ingkang namung mathuk kanggé wonten ing gesang sapunika, jalaran ing dinten pancasan (dinten kiyamat) makaten sampun boten wonten tiyang èstri ngandhut lan boten wonten tiyang èstri nesepi. Sawenèh wonten ingkang anggadhahi pamanggih, bilih gonjang-ganjinging bumi ingkang anggigirisi punika minangka pratandhaning pancasan ageng sampun celak; nanging nadyan makatena pisan, saged namung mengku teges babaya ageng ingkang anggigirisi kadosta perang ageng.

2 Ing dinané sira andeleng iku, sarupané wong wadon kang nusoni bakal bingung aninggal susonané, lan sarupané wong wadon kang ngandhut angruntuhaké kandhutané, lan sira bakal andeleng wong-wong padha mendem, lan (sajatiné) ora padha mendem, ananging siksaning Allah iku keras.

يَوْمَ تَرَوْنَهَا تَذْهَلُ كُلُّ مُرْضِعَةٍ عَمَّآ أَرْضَعَتْ وَتَضَعُ كُلُّ ذَاتِ حَمْلٍ حَمْلَهَا وَتَرَى النَّاسَ سُكٰرٰى وَمَا هُمْ بِسُكٰرٰى وَلٰكِنَّ عَذَابَ اللّٰهِ شَدِيْدٌ ۝٢

3 Lan sawenèhing wong ana kang kalawan tanpa kawruh amadoni prakara Allah sarta manut sarupaning sétan kang milawani.[1670]

وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يُّجَادِلُ فِى اللّٰهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ وَّيَتَّبِعُ كُلَّ شَيْطٰنٍ مَّرِيْدٍ ۝٣

4 Tumrap dhèwèké wis tinulis, sapa sing apawong-mitra karo dhèwèké, lah iku masthi bakal sinasaraké sarta bakal tinuntun marang siksa geni murub.

كُتِبَ عَلَيْهِ أَنَّهُ مَنْ تَوَلَّاهُ فَأَنَّهُ يُضِلُّهُ وَيَهْدِيْهِ إِلٰى عَذَابِ السَّعِيْرِ ۝٤

5 É, para manusa! manawa sira padha ana ing sajroning semang-semang prakara "tangi",[1671] lah (weruha) yèn sayekti Ingsun wus andadèkaké sira saka ing lebu,[1672]

يٰٓأَيُّهَا النَّاسُ إِنْ كُنْتُمْ فِىْ رَيْبٍ مِّنَ الْبَعْثِ فَإِنَّا خَلَقْنٰكُمْ مِّنْ تُرَابٍ ثُمَّ

1670. Karsanipun dhawuh punika saged tumuju dhateng Abu Jahl utawi Nadlar bin Hars, nanging ugi saged tumuju dhateng sadhéngah tiyang ingkang ngetrepi kalayan katrangan punika. Kados déné ingkang asring sanget kasebutaken ing Quran Suci, sétan ing ngriki, sétan ingkang awujud manusa (Rz).

1671. Wonten ing Quran Suci, tembung *ba'ts* (*tangi*) punika kagemipun kalayan mengku teges warni tiga, inggih punika: (1) tanginipun tiyang pejah dados gesang malih miturut awon saéning pandamelipun bénjing ing dinten pancasan, inggih punika dinten cumethanipun sayektos sadaya kanyataan ruhani; (2) tanginipun titiyang ingkang pejah ruhaniyahipun margi kagesangaken déning para nabi; tuwin (3) jumenengipun para nabi-nabi ingkang kajumenengaken déning Allah supados nuntun para manusa. Déné tembung *ba'ts* ingkang kasebut wonten ing ngriki punika, saged mengku teges warni tiga wau sadaya, inggih punika maiben ing wontenipun dinten kiyamat, utawi maiben bilih Allah pranyata sampun anjumenengaken satunggaling nabi (inggih punika Kanjeng Nabi Muhammad), utawi maiben anggènipun Kanjeng Nabi nangèkaken piyambakipun ngantos dados gesang malih ruhaniyahipun. Déné hujjah (bukti) ingkang kasebut ing ayat ngriki lan ing ayat sambetipun, punika sami cocogipun kanggé warni tiga wau sadaya, nanging ingkang langkung katengen, kanggé tandhayaktining gesangipun malih tiyang ingkang pejah ruhaniyahipun.

1672. Dhawuh punika saged kanggé anerangaken, punapa tegesipun Adam, utawi manusa, katitahaken saking lebu, kados déné ingkang asring kasebutaken ing Quran Suci punika. Awit ing wiwitaning dhawuh punika, ingkang katuju ing dhawuh sadaya manusa, salajengipun lajeng katungka ing dhawuh ingkang mangandikakaken, bilih piyambakipun (manusa) punika sadaya kémawon sami

مِنْ نُّطْفَةٍ ثُمَّ مِنْ عَلَقَةٍ ثُمَّ مِنْ مُّضْغَةٍ مُّخَلَّقَةٍ وَّغَيْرِ مُخَلَّقَةٍ لِّنُبَيِّنَ لَكُمْ ۗ وَنُقِرُّ فِى الْاَرْحَامِ مَا نَشَآءُ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ثُمَّ نُخْرِجُكُمْ طِفْلًا ثُمَّ لِتَبْلُغُوْٓا اَشُدَّكُمْ ۚ وَمِنْكُمْ مَّنْ يُّتَوَفّٰى وَمِنْكُمْ مَّنْ يُّرَدُّ اِلٰٓى اَرْذَلِ الْعُمُرِ لِكَيْلَا يَعْلَمَ مِنْۢ بَعْدِ عِلْمٍ شَيْـًٔا ۗ وَتَرَى الْاَرْضَ هَامِدَةً فَاِذَآ اَنْزَلْنَا عَلَيْهَا الْمَآءَ اهْتَزَّتْ وَرَبَتْ وَاَنْۢبَتَتْ مِنْ كُلِّ زَوْجٍۢ بَهِيْجٍ ﴿٥﴾

banjur saka ing wijining urip, tumuli saka ing getih kenthel, banjur saka ing daging saereb, dumadi kalawan ganep sarta dumadi kalawan ora ganep, amurih Ingsun bisa anerangaké (iku) marang sira;[1673] lan Ingsun angenggonaké ana ing talanakan apa sakarsa-Ningsun tumeka mangsa kang tinamtu, tumuli sira Ingsun lahiraké dadi babayi, tumuli amurih tumekaning diwasanira; lan sawenèhira ana kang *mati*, tuwin sawenèhira ana kang binalikaké *dadi pikun*,[1674] nganti ora weruh apa-apa kang mauné wis weruh; lan manéh sira andeleng bumi gundhul angenthak-enthak, ananging bareng Ingsun wis anurunaké banyu mrono, iku banjur obah lan malembung sarta anukulaké sawarnaning tutuwuhan kang éndah-éndah.[1675]

Ar. *didadèkaké mati*
Ar. *marang apesing umur*

ذٰلِكَ بِاَنَّ اللّٰهَ هُوَ الْحَقُّ وَاَنَّهٗ يُحْيِ الْمَوْتٰى وَاَنَّهٗ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٦﴾

6 Iku, amarga Allah iku Ingkang-Mahayakti, lan amarga Panjenengané iku anguripaké para wong mati sarta amarga Panjenengané iku marang samubarang kawasa.

saking lebu tumitahipun. Lah, rèhning ing ngriki punika sampun terang, bilih boten ateges badaning manusa punika rimbagan saking lempung, mila ingkang makaten punika lajeng nuwuhaken pupuntoning pamanggih, bilih dhawuh ingkang nyebutaken Adam utawi manusa katitahaken saking lebu, punika namung mengku teges mratélakaken asoring asalipun, utawi namung mengku teges bilih sadaya ingkang asipat gesang punika asal kamulanipun tuwuh saking siti.

1673. Babakalan warni-warni ingkang ing ngriki kapangandikakaken dados babakaling tumitahipun manusa, punika tegesipun tataran warni-warni ingkang mesthi dipun alami déning sadhéngah jabang bayi anaking manusa. Déné maksudipun kanggé anedahaken, kados punapa asoripun asal kamulaning manusa ing sakawit punika. Utawi ugi saged mengku suraos mangandikakaken tataraning gesang warni-warni, ingkang sampun dipun alami déning manusa, nalika piyambakipun tumuwuh lajeng saya majeng-majeng ngantos dumugi tataran ingkang sampurna ing samangké punika. Dhawuh punika ugi wigatos dhawuh anggatosaken dhateng bab tumuwuh saha mindhak majenging gesang ruhaninipun manusa.

1674. اَرْذَلِ الْعُمُرِ utawi *apesing umur*, punika tegesipun *pikun* lan *jempo* (Rz).

1675. Bumi ébah lan melembung, punika tegesipun ébah lan melembung margi anuwuhaken tutuwahan. Kula aturi nocogaken kaliyan 41: 39 sarta mirsanana 2210. Déné gagambaran punika mengku suraos ngèngetaken, bilih wahyu punika kawasa anggesangaken manah ingkang pejah, boten

7 Lan amarga "wayahé" iku bakal tumeka, iki ora ana semangé; tuwin amarga Allah iku bakal anangèkaké para kang ana ing kubur.[1676]

وَأَنَّ السَّاعَةَ آتِيَةٌ لَّا رَيْبَ فِيهَا وَأَنَّ اللَّهَ يَبْعَثُ مَن فِي الْقُبُورِ ﴿٧﴾

8 Lan sawenèhing wong ana kang kalawan tanpa kawruh amadoni prakara Allah, tuwin tanpa tuntunan sarta tanpa kitab kang madhangi,

وَمِنَ النَّاسِ مَن يُجَادِلُ فِي اللَّهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ وَلَا هُدًى وَلَا كِتَابٍ مُّنِيرٍ ﴿٨﴾

9 Maléngos kalawan gumendhungé,[1677] amurih dhèwèké bisa anasaraké (ing liyan) saka dadalaning Allah; bagéané ana ing donya asor, lan ing dina kiyamat bakal Ingsun kon ngrasakaké siksa kang anggesengaké.

ثَانِيَ عِطْفِهِ لِيُضِلَّ عَن سَبِيلِ اللَّهِ ۖ لَهُ فِي الدُّنْيَا خِزْيٌ ۖ وَنُذِيقُهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ عَذَابَ الْحَرِيقِ ﴿٩﴾

10 Iki amarga saka panggawéning tanganira kang dhingin-dhingin, lan amarga Allah iku ora pisan-pisan atindak dudu marang para kawula.

ذَٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتْ يَدَاكَ وَأَنَّ اللَّهَ لَيْسَ بِظَلَّامٍ لِّلْعَبِيدِ ﴿١٠﴾

RUKU' 2

Kayakinan dhateng pitulungipun Pangéran

11-13. Para ingkang tipis ing piandel. 14-16. Kanjeng Nabi Suci badhé tinulungan. 17. Bédaning piandel badhé dipun pancasi ing akhirat. 18–22. Para ingkang ngemohi badhé dipun pidana kalayan asor lan susah.

prabéda kados déné jawah saged anggesangaken siti ingkang pejah. Ayat candhakipun anyethakaken bab prakawis punika: *Amarga Panjenengané iku anguripaké para wong mati sarta amarga Panjenengané iku marang samubarang kawasa*. Kula aturi mirsani ugi katrangan candhakipun.

1676. Manawi badhé mangertosi punapa tegesipun *para kang ana ing kubur* punika, kacocogna kaliyan 35: 22: "Sayekti Allah iku agawé krunguné sapa sing dikarsakaké, lan ora bisa sira agawé krunguné sapa-sapa sing ana ing kubur." Dados tegesipun: nadyan tiyang ingkang katingalipun sampun boten kénging dipun dandosi malih, inggih badhé dipun damel purun nampèni yakti déning Gusti Allah.

1677. Tembung ثَانِيَ عِطْفِهِ punika wantahipun ateges: *nglempit*, *ngikal*, utawi *nginger lambungipun ('Ithf* tegesipun *péranganing badanipun tiyang wiwit sirah dumugi cethik ingkang kaprenah ing iring)*. Nanging tetembungan makaten wau dipun anggé wonten ing kalam ngibarat kalayan mengku teges: atindak gumedhé (LL) utawi mlèngos (Rgh), I'Ab negesi tembung wau: gumendhung, Ibnu Juraij negesi: nyimpang saking yakti (AH).

Ar. *(adegé) ana ing pèpèrèng*

11 Lan sawenèhing wong ana kang anggoné angabdi ing Allah *kalawan minggrang-minggring,*[1678] dadi, manawa becik tumiba ing awaké, iku dadi maremé, lan manawa dhèwèké kataman coba, ambalikaké rainé; dhèwèké kapitunan donya lan akhirat; mangkono iku kapitunan kang tétéla.

وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَّعْبُدُ اللّٰهَ عَلٰى
حَرْفٍۚ فَاِنْ اَصَابَهٗ خَيْرُ ِۨاطْمَاَنَّ
بِهٖۚ وَاِنْ اَصَابَتْهُ فِتْنَةُ ِۨانْقَلَبَ
عَلٰى وَجْهِهٖۗ خَسِرَ الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةَۗ
ذٰلِكَ هُوَ الْخُسْرَانُ الْمُبِيْنُ ﴿١١﴾

12 Dhèwèké anguwuh saliyané Allah barang kang ora bisa mitunani marang awaké lan ora bisa makolèhi; mangkono iku sasar kang adoh.

يَدْعُوْا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَا يَضُرُّهٗ وَ
مَا لَا يَنْفَعُهٗۗ ذٰلِكَ هُوَ الضَّلٰلُ الْبَعِيْدُ ﴿١٢﴾

13 Dhèwèké anguwuh marang kang luwih cepak anggoné mitunani tinimbang anggoné makolèhi; temen ala pangayoman iki lan temen ala kanca iki.

يَدْعُوْا لَمَنْ ضَرُّهٗٓ اَقْرَبُ مِنْ نَّفْعِهٖۗ
لَبِئْسَ الْمَوْلٰى وَلَبِئْسَ الْعَشِيْرُ ﴿١٣﴾

Ar. *ngisoré*

14 Sayekti Allah bakal anglebokaké patamanan para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili; sayekti Allah iku anindakaké apa kang dadi karsa-Né.

اِنَّ اللّٰهَ يُدْخِلُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا
الصّٰلِحٰتِ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا
الْاَنْهٰرُۗ اِنَّ اللّٰهَ يَفْعَلُ مَا يُرِيْدُ ﴿١٤﴾

15 Sapa sing nyana yèn Allah ora bakal mitulungi dhèwèké ing dalem donya lan akhirat; lah kajaba *munggaha menyang langit*

مَنْ كَانَ يَظُنُّ اَنْ لَّنْ يَّنْصُرَهُ اللّٰهُ
فِى الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ فَلْيَمْدُدْ بِسَبَبٍ

1678. Tembung عَلٰى حَرْفٍ (ingkang tegesipun wantah *ing pepèrèng*) punika dipun tegesi ngantos warni-warni, nanging buntasing panyuraos sadaya wau sami kémawon suraosipun. LL nyebutaken teges-teges wau sawatawis kathah. Sawenèh tegesipun: *ngadeg saking katebihan ing atasipun bab prakawis agami, tur kalayan gojag-gajeg, ngantos kados déné tiyang ingkang wonten ing tembinging pabarisanipun wadyabala, manawi sakinten badhé angsal kamenangan lan angsal jarahan, sami teteg lan tatag, nanging manawi sakinten boten kados makaten, lajeng leres tilar glanggang acolong playu* (Kf, Bd). Utawi ateges: *anggènipun ngabdi ing Allah kalayan semang-semang utawi minggrang-minggring, margi boten teteg kados déné lekasipun tiyang ingkang ngadeg wonten ing pepèrènging redi* (Q, Zj). Utawi ateges: *anggènipun ngabdi ing Allah namung ing dalem kawontenan sawarni, inggih punika samangsa pinuju kaombèran* (S, Q). Teges punika sadaya anedahaken lekasipun tiyang ingkang miyar-miyur, inggih punika tansah sawega nilar agaminipun samangsa wonten sababipun, inggih sabab punapa kémawon.

Ut. *angukur dhadhung langitan*
Ut. *mati anggantung*

kalawan sadhéngah sarana, tumuli konen *medhot*, banjur konen andeleng, apa upayané panglawané bakal ambirat apa kang andadèkaké muring-muringé.[1679]

إِلَى السَّمَاءِ ثُمَّ لْيَقْطَعْ فَلْيَنْظُرْ هَلْ يُذْهِبَنَّ كَيْدُهُ مَا يَغِيظُ ١٥

16 Lan kaya mangkono iku anggon-Ingsun anurunaké iku, minangka bukti-bukti kang pratéla, lan déné Allah iku anuntun sapa kang dadi karsa-Né.

وَكَذَٰلِكَ أَنْزَلْنَاهُ آيَاتٍ بَيِّنَاتٍ وَأَنَّ اللَّهَ يَهْدِي مَنْ يُرِيدُ ١٦

17 Sayekti para kang padha angèstu, lan para kang padha Yahudi sarta Sabiin[a] tuwin para Nasrani sarta Majusi, apa déné para kang nyakuthokaké (sadéngah kalawan Allah) – sayekti, ing dina kiyamat Allah bakal amancasi antarané dhèwèké; sayekti Allah iku marang samubarang anekséni.[1680]

a. 103

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَالَّذِينَ هَادُوا وَالصَّابِئِينَ وَالنَّصَارَىٰ وَالْمَجُوسَ وَالَّذِينَ أَشْرَكُوا إِنَّ اللَّهَ يَفْصِلُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۚ إِنَّ اللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ ١٧

1679. Dhawuh punika nyeling-serepaken manawi klèntu anggènipun nyuraos *dlamir*-ipun *hu* ing tembung *yanshurahu*, ingkang leresipun wangsul dhateng Kanjeng Nabi Suci. Pakèwed ingkang angka kalih, inggih punika *muf'ul*(lésan-)ipun tembung *yaqtha'* (*medhot*), ingkang leresipun kedah kasuraos 'pitulungipun Pangéran" ingkang tansah kadhawuhaken dhateng para mengsah mesthi badhé kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Suci, sanajan ta para mengsah wau sami angetog kadibyan anggènipun badhé milawani pitulunging Pangéran wau. Bab prakawis punika katerangaken kalayan cetha wéla-wéla déning wekasaning dhawuh ing ayat punika. Piweca-piweca badhé kamenanganipun yakti ingkang wekasan, tuwin badhé rawuhipun pitulunging Pangéran dhateng Kanjeng Nabi, punika sampun kaundhangakan rambah-rambah wonten ing Quran Suci, sarta para kafir sami muring jalaran saking punika. Para titiyang wau sami kadhawuhan, bilih pitulunging Pangéran punika mesthi badhé rawuh, sarta piyambakipun mesthi badhé sami angetog rékadayanipun anggènipun badhé milawani punika, ngantos upami sageda piyambakipun mesthi badhé sumengka ing ngawiat sarta lajeng medhoti pitulung saking langit utawi pitulunging Pangéran wau, sampun ngantos dumugi ing Kanjeng Nabi. Utawi saged ugi tegesipun punika kados déné ingkang kapratélakaken wonten ing margin. Inggih punika, bilih para mengsah wau badhé ngumbar kanepson utawi muring-muringipun ngantos ing sakatog-katogipun sarta ngantos supé purwaduksina tan kénging pinekak malih, suprandéné tangèh lamun piyambakipun yèn sageda ngandheg-andhegi rawuhing pitulungipun Pangéran. Dados tegesipun panyuraos wau sadaya, bilih pitulunging Pangéran ingkang kajanjèkaken dhateng Kanjeng Nabi, punika boten kénging boten mesthi badhé rawuh saèstu, sanajan dipun pilawanana di kados punapa, utawi sanajan badhé sapinten genging cuwanipun para mengsah.

1680. Punika mengku suraos, bilih béda-bédaning pangandelipun agami, punika boten murugaken kapidana wonten ing gesang samangké punika, wangsul badhé dipun pancasi bénjing wonten ing dinten pancasan. Déné ingkang murugaké ngangsalaken pidana wonten ing gesang samangké punika, punika tindakipun adamel risak para ingkang sami milawani sumiyaripun yakti.

أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللّٰهَ يَسْجُدُ لَهُ مَنْ فِي
السَّمٰوٰتِ وَمَنْ فِي الْأَرْضِ وَالشَّمْسُ
وَالْقَمَرُ وَالنُّجُومُ وَالْجِبَالُ وَالشَّجَرُ
وَالدَّوَآبُّ وَكَثِيرٌ مِّنَ النَّاسِ ۖ وَ
كَثِيرٌ حَقَّ عَلَيْهِ الْعَذَابُ ۗ وَمَنْ
يُّهِنِ اللّٰهُ فَمَا لَهُ مِنْ مُّكْرِمٍ ۚ إِنَّ
اللّٰهَ يَفْعَلُ مَا يَشَآءُ ۩ ﴿١٨﴾

18 Apa sira ora weruh, yèn Allah iku, (kabèh) padha sumungkem ing Panjenenganė: Sapa-sapa kang ana ing langit lan sapa-sapa kang ana ing bumi, apa déné srengéngé lan rembulan lan lintang-lintang tuwin gunung-gunung sarta wit-witan lan sato kéwan sarta wong-wong akèh; sarta akèh kang siksa iku perlu ingatasé dhèwèké; lan sapa kang diasorakee déning Allah, lah ora ana wong kang bisa agawé mulya marang dhéwèké; sayekti Allah iku
b. 978 anindakaké apa sakarsa-Né.[b1681]

هٰذٰنِ خَصْمٰنِ اخْتَصَمُوا فِي رَبِّهِمْ ۖ
فَالَّذِينَ كَفَرُوا قُطِّعَتْ لَهُمْ ثِيَابٌ
مِّنْ نَّارٍ ۖ يُصَبُّ مِنْ فَوْقِ رُءُوسِهِمُ
الْحَمِيمُ ﴿١٩﴾

19 Iki rong golongan[1682] kang padha babantahan ing dalem prakara Pangérané; Mulané para kang padha ngafiri padha olèh
Ar. *dibe-dhahi* Ut. *dipoto-ngi saka* sandhangan kang *bakalé* geni; banyu umob digrujukaké ing sirah-sirahé.

يُصْهَرُ بِهِ مَا فِي بُطُونِهِمْ وَالْجُلُودُ ۗ ﴿٢٠﴾

20 Iki dianggo anglebur apa kang ana ing jeroning wetengé apa déné kulit(-é).

وَلَهُمْ مَّقَامِعُ مِنْ حَدِيدٍ ﴿٢١﴾

21 Sarta padha olèh gitik wesi.[1683]

كُلَّمَآ أَرَادُوٓا أَنْ يَّخْرُجُوا مِنْهَا مِنْ
غَمٍّ أُعِيدُوا فِيهَا ۚ وَذُوقُوا
عَذَابَ الْحَرِيقِ ﴿٢٢﴾

22 Saben kapéngin arep padha metu saka ing kono, saka susah,[1684] dibalèkaké menyang jeroné manèh, sarta padha angrasakaké siksa kang anggesengaké.

1681. Ayat punika mengku piweca ingkang terang gamblang, bilih ing wasananipun para mengsah mesthi badhé pasrah bongkokan wonten ing ngarsanipun Kanjeng Nabi.

1682. Golongan kakalih ingkang sami babantahan, punika para angèstu lan para kafir. Kedah dipun pèngeti bilih memengsahanipun golongan kakalih, ingkang pasulayanipun ing sakawit namung wonten ing dalem prakawis Pangéranipun, ing sapunikanipun santun salaga dados prakawis ageng, sarta badhé nasibipun golongan kakalih wau, bénjing manawi peperangan, sampun kawecakaken kalayan cetha. Tumrap para kafir kasebutaken wonten ing ayat 19-22, déné tumrap para mukminin kasebutaken wonten ing ayat 23-25.

1683. *Gitik wesi* tegesipun *kawon*. TA nerangaken: قمعه قهره وذلله jawinipun: *qama'* (inggih punika witing tembung ingkang lajeng karimbag dados *maqma'*, jawinipun *gitik*) punika ateges ngawonaken lan nelukaken.

1684. من غم (*saka susah*), punika dados badal-ipun tembung minha; dados mengku suraos

RUKU' 3

Para mukmin badhé unggul

23, 24. Para angèstu badhé dipun ganjar kamenangan. 25. Masjid suci badhé dados gadhahanipun.

23 Sayekti Allah bakal anglebokaké para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik marang patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili; ana ing kono bakal padha dipapaèsi gelang emas lan mutiara, lan sandhangané ana ing kono sarwa sutra.[1685]

Ar. *ngisoré*

إِنَّ اللَّهَ يُدْخِلُ الَّذِينَ آمَنُوا وَ
عَمِلُوا الصَّالِحَاتِ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ
تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ يُحَلَّوْنَ فِيهَا مِنْ
أَسَاوِرَ مِنْ ذَهَبٍ وَلُؤْلُؤًا ۖ وَلِبَاسُهُمْ
فِيهَا حَرِيرٌ ﴿٢٣﴾

24 Sarta padha dituntun marang pangucap kang angresepaké tuwin padha dituntun marang dadalané Ingkang-Pinuji.

وَهُدُوا إِلَى الطَّيِّبِ مِنَ الْقَوْلِ ۚ وَ
هُدُوا إِلَىٰ صِرَاطِ الْحَمِيدِ ﴿٢٤﴾

25 Sayekti, para kang padha kafir sarta angéngokaké (manusa) saka dadalaning Allah lan Masjid Suci, kang wus Ingsun gawé tumrap sakèhing manusa, (tumrap) wongé ing kono lan tumrap kang neneka,[1686] sapa sing nedya malèncèng kalawan atindak dudu ana ing kono, iku bakal Ingsun kon ngrasakaké siksa kang nglarani.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَيَصُدُّونَ عَنْ سَبِيلِ
اللَّهِ وَالْمَسْجِدِ الْحَرَامِ الَّذِي جَعَلْنَاهُ
لِلنَّاسِ سَوَاءً الْعَاكِفُ فِيهِ وَالْبَادِ ۚ
وَمَنْ يُرِدْ فِيهِ بِإِلْحَادٍ بِظُلْمٍ نُذِقْهُ
مِنْ عَذَابٍ أَلِيمٍ ﴿٢٥﴾

---

anggenahaken kawontenanipun siksa ing ayat ngriki lan ayat ingkang sampun. Kasusahan tansah badhé sami angrembaka sarta ambesmi jiwanipun ngantos kados anglebur piyambakipun.

1685. Ing ngriki punika mengku sasmita bilih karajan-karajan ageng ing sacelakipun badhé dipun telukaken déning para Muslimin, sarta bandhanipun karajan-karajan wau badhé dipun dadosaken darbèkipun titiyang Arab. Lalampahan ing ngandhap punika, ingkang dipun sebutaken déning Baihaqi, kénging kanggé titikan ingkang anedahaken, bilih para sahabatipun Kanjeng Nabi nyuraos piweca-piweca punika kados ing nginggil wau: Agemipun binggel Sang Kisra, nata ing Persi, kabekta dhateng ngarsanipun Bagénda 'Umar; panjenenganipun lajeng nganggèkaken binggel-binggel wau dhateng Suraqah bin Malik; panjenenganipun lajeng mangalembana dhateng Pangéran Ingkang-Mahaluhur. Déné sababipun mila Suraqah dipun enggèni binggel-binggel wau déning Bagéndha 'Umar, punika ugi katerangaken déning Imam Baihaqi wau, wonten ing hadits sanès. Miturut hadits wau, Kanjeng Nabi naté ngandika dhateng Suraqah makaten: "Kapriyé pangrasamu manawa kowé nganggo gelangé sang Kisra?' ("Khashâisu-l-Kubra," jilid II, kaca 113, kaecap ing Hyderabad, Deccan).

1686. Utawi '*âkif* punika saged mengku teges *ingkang dudunung ing Makkah*, déné *bâd*, ingkang sami dudunung wonten ing saganten wedi. Utawi tembung kakalih wau, ingkang satunggal saged mengku teges tiyang ingkang ajeg-ajegan manggèn wonten ing ngriku, satunggalipun ateges tiyang

RUKU' 4

Padaleman Suci

26. Nabi Ibrahim angresiki Padaleman Suci. 27. Hajji kaundhangaken. 28-33. Pangaji-aji dhateng Padaleman Suci sarta Kasawijènipun Allah.

26 Lan nalikané Ingsun nuding papaning Padaleman Suci marang
a. 1356 Ibrahim, kalawan angandika:[a] Aja anyakuthokaké apa-apa kalawan Ingsun, sarta sira anucènana Padaleman-Ingsun tumrap para kang padha angideri lan para kang angadeg salat tuwin tumunduk lan sumungkem.

وَإِذْ بَوَّأْنَا لِإِبْرَاهِيمَ مَكَانَ الْبَيْتِ
أَن لَّا تُشْرِكْ بِي شَيْئًا وَطَهِّرْ بَيْتِيَ
لِلطَّائِفِينَ وَالْقَائِمِينَ وَالرُّكَّعِ السُّجُودِ ﴿٢٦﴾

27 Lan angundangna haji marang para manusa;[1687] bakal padha tumeka marang sira kalawan lumaku dharat sarta kalawan nunggang sadhéngah unta kuru kang padha tumeka saka sadhéngah dadalan kang adoh,[1688]

وَأَذِّن فِي النَّاسِ بِالْحَجِّ يَأْتُوكَ رِجَالًا
وَعَلَىٰ كُلِّ ضَامِرٍ يَأْتِينَ مِن كُلِّ
فَجٍّ عَمِيقٍ ﴿٢٧﴾

---

ingkang namung kala-kala anggènipun dhateng wonten ing ngriku. Para titiyang kafir, ingkang nalika ing wekdal punika nguwaosi Masjid Suci, sami ngawisi titiyang Muslimin nganggé Masjid Suci wau. Lah para titiyang wau sami kadhawuhan, bilih kawontenan ingkang kados makaten punika mesthi boten lastantun ing salaminipun, awit Masjid Suci wau kedah dipun bikak tumrap sadaya tiyang ingkang sami jiyarah mrika sarta ingkang makaten punika namung saged kalampahan manawi para Muslimin ingkang nguwaosi Masjid Suci wau.

1687. Dhawuh punika katujokaken dhateng Kanjeng Nabi Suci, sarta mengku piweca agung, ingkang mecakaken bilih nagari Makkah badhé dados punjer nglempakipun para titiyang ingkang sami ngibadah haji. Kaagunganipun piweca punika saya katingal adiluhung malih, manawi dipun èngeti bilih anggènipun kaundhangaken piweca wau duk ing kalanipun Kanjeng Nabi Suci kakéndhangaken saking Makkah déning para mengsah-mengsahipun, ingkang lajeng sami miyambaki nguwaosi nagari ngriku. Nalika jamanipun piweca punika, Kanjeng Nabi tuwin para pandhèrèkipun kaawisan boten kénging lumebet ing Masjid Suci, kados déné ingkang kasebutaken kalayan terang wonten ing ayat 25. Lah inggih ing salebetipun dumunung wonten ing kawontenan, nalika nagari Makkah sajak tangèh lamun dados punjeripun kaum Muslimin wau, sarta nalika kaum Muslimin piyambak kaancam ing babaya badhé katumpes ludhes wau, anggènipun kaundhangaken piweca ingkang adiluhung wau, tur kalayan tetembungan ingkang kinawasa, bilih Islam mesthi badhé mradini sadaya bangsa sarta nagari Makkah mesthi badhé dados pusering jagad, ingkang lastantun tansah dados luruganipun para ingkang sami jiyarah saking antawisipun sadaya bangsa. Tandhayakti saprakawis punika saèstu sampun cekap kanggé ambuktèkaken, bilih Kanjeng Nabi Suci punika pranyata kautus ing Pangéran, awit dèrèng naté wonten kawaskithaning manusa ingkang saged ngucapaken piweca ingkang adiluhung makaten wau nalikanipun dumunung wonten ing kawontenan ingkang apes kados makaten punika.

1688. *Dlâmir*, utawi *unta ingkang kera*, kasebutaken mligi wonten ing ngriki, punika kanggé anedahaken tebihing pinangkanipun para ingkang jiyarah haji mriku.

28 Supaya padha aneksènana pakolèhé tumrap marang dhèwèké sarta padha anebuta asmaning Allah ing dalem sawatara dina kang wus *tinamtu* atas barang paparingé Panjenengané ing dhèwèké kang arupa kéwan rajakaya; lah iku padha sira pangana lan padha sira ingokna wong kang sangsara, kasrakat.[1689]

Ut. *kinaweruhan*

لِّيَشْهَدُوا مَنَافِعَ لَهُمْ وَيَذْكُرُوا اسْمَ اللَّهِ فِي أَيَّامٍ مَّعْلُومَاتٍ عَلَىٰ مَا رَزَقَهُم مِّن بَهِيمَةِ الْأَنْعَامِ ۖ فَكُلُوا مِنْهَا وَأَطْعِمُوا الْبَائِسَ الْفَقِيرَ ﴿٢٨﴾

29 Tumuli perlu padha anindakna cukur sarta reresik tuwin padha anetepana nadaré apa déné padha ngiderana Padaleman kang Kuna.[1690]

ثُمَّ لْيَقْضُوا تَفَثَهُمْ وَلْيُوفُوا نُذُورَهُمْ وَلْيَطَّوَّفُوا بِالْبَيْتِ الْعَتِيقِ ﴿٢٩﴾

30 Kaya mangkono iku (kuduné): lan sapa sing *angèstokaké* angger-anggering Allah, lah iku luwih becik tumrap dhèwèké ing ngarsaning Pangérané; lan rajakaya iku diparengaké tumrapé sira, kajaba apa sing wis diwacakaké ingatasé sira; mulané padha angedohana leletheking brahala sarta pada angedohana pangucap goroh.

ذَٰلِكَ وَمَن يُعَظِّمْ حُرُمَاتِ اللَّهِ فَهُوَ خَيْرٌ لَّهُ عِندَ رَبِّهِ ۗ وَأُحِلَّتْ لَكُمُ الْأَنْعَامُ إِلَّا مَا يُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ ۖ فَاجْتَنِبُوا الرِّجْسَ مِنَ الْأَوْثَانِ وَاجْتَنِبُوا قَوْلَ الزُّورِ ﴿٣٠﴾

1689. Babagan bab kurban, punika prakawis ingkang rapet sanget sasambetanipun kaliyan ngibadah haji, awit sok tiyanga ingkang ngibadah haji mesthi kedah kurban mragat kèwan. Pandamel lahir, kurban mragat kèwan ing wekdal kados makaten wau, punika anedahaken punapa sababipun déné ngibadah haji kadadosaken salah satunggaling tatales dhadhasaripun agami Islam. Menggah ing sajatos-jatosipun, maksud ingkang kawengku wonten ing dalem tatanan warni kalih (haji lan kurban mragat kèwan) wau, wigatos mucal piwulang pangurbanan. Déné bab prakawis kurban mragat kèwan, punika karembag kalayan jalèntrèh wonten ing ruku' sambetipun. Ing ngriki namung perlu kapèngetan sakedhik, bilih ngibadah haji punika angedahaken sawarnining kasenenganipun raga dipun kurbanaken karana netepi undhang-undhangipun Allah. Lah inggih punika piwulang ingkang maujud ing tindak ingkang kawulangaken ing salebetipun haji, ingkang manawi tanpa punika, agami sayekti boten badhé saged gesang lan boten badhé saged mintonaken gesangipun. Hikmah utawi pigunanipun haji sanès-sanèsipun, kasebutaken ing ayat-ayat candhakipun. Prayogi katerangaken pisan, bilih pandamelipun para ingkang sami ngibadah haji wau, ugi ngumandhang wonten ing saindhenging jagad Islam, jalaran sadhéngah tiyang Muslimin ingkang kacekapan, inggih sami kurban mragat kèwan ing wekdal wau ugi, ingkang misuwuripun winastan dinten '*Idu-l-adlhâ*.

1690. Ka'bah sinebat Padaleman kang Kuna, ing ngriki lan ing ayat 33, punika anedahaken bilih Padaleman wau sampun kina sanget wontenipun, ngantos ing saindhenging tanah Arab, Ka'bah wau misuwuripun sinebut Padaleman Kina, inggih punika kanggé nedahaken bilih wontenipun sampun wiwit jaman kinaning makina. Salajengipun kula aturi mirsani 170.

31 Tulus karana Allah, ora anyakuthokaké sadhéngah kalawan Panjenengané; lan sapa sing anyakuthokaké sadhéngah kalawan Allah, lah prasasat dhèwèké iku tiba saka ing dhuwur; tumuli disamber ing manuk utawa kabuncang ing angin tumeka panggonan kang adoh.

حُنَفَآءَ لِلّٰهِ غَيۡرَ مُشۡرِكِيۡنَ بِهٖ ؕ وَمَنۡ
يُّشۡرِكۡ بِاللّٰهِ فَكَاَنَّمَا خَرَّ مِنَ السَّمَآءِ
فَتَخۡطَفُهُ الطَّيۡرُ اَوۡ تَهۡوِىۡ بِهِ الرِّيۡحُ
فِىۡ مَكَانٍ سَحِيۡقٍ ﴿۳۱﴾

Ut. *angegungaké*

32 Kaya mangkono iku (kudune): lan sapa sing *angèstokaké* pratandha-pratandhaning Allah, lah sayekti, iku amarga saka baktining ati.

ذٰلِكَ ۖ وَمَنۡ يُّعَظِّمۡ شَعَآئِرَ اللّٰهِ فَاِنَّهَا
مِنۡ تَقۡوَى الۡقُلُوۡبِ ﴿۳۲﴾

33 Ing kono iku ana piguna tumrap marang sira tumekané mangsa kang tinamtu; tumuli panggonané anggoné kurban ana ing Padaleman kang Kuna.

لَكُمۡ فِيۡهَا مَنَافِعُ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ثُمَّ
مَحِلُّهَاۤ اِلَى الۡبَيۡتِ الۡعَتِيۡقِ ﴿۳۳﴾

RUKU' 5

Kurban

34-37. Suraosing dhadhasaripun kurban. 38. Kurban jiwa punika perlu.

34 Lan tumrap siji-sijining umat Ingsun wus andadèkaké lakuning pangabekti, supaya padha anebuta asmaning Allah akarana barang paparingé Panjenengané marang dhèwèké kang arupa kéwan rajakaya; lan Sesembahanira iku Sesembahan Kang Sawiji; mulané padha sumaraha marang Panjenengané sarta awèha warta bubungah marang para kang padha sumungkem.[1691]

وَلِكُلِّ اُمَّةٍ جَعَلۡنَا مَنۡسَكًا لِّيَذۡكُرُوا
اسۡمَ اللّٰهِ عَلٰى مَا رَزَقَهُمۡ مِّنۡۢ بَهِيۡمَةِ
الۡاَنۡعَامِ ؕ فَاِلٰهُكُمۡ اِلٰهٌ وَّاحِدٌ فَلَهٗۤ
اَسۡلِمُوۡا ؕ وَبَشِّرِ الۡمُخۡبِتِيۡنَ ﴿۳۴﴾

1691. Piwulang bab kurban, punika dipun anggé déning sadaya umat ing jagad, nadyan boten sami wujudipun. Boten prabéda lan tatalesing agami Islam sanès-sanèsipun ingkang dipun akeni ing sajagad, baku-bakuning kurban, punika wonten ing dalem Islam mengku teges ingkang langkung lebet malih. Pandamel lahir tetep dipun wonteni, kados duk ing kina; nanging punika sampun boten mengku teges kados piwulangipun sawenèh agami ing kina, kadosta karana kanggé nglilihaken Pangéranipun ingkang bendu, utawi karana minangka kanggé nebus dosa. Wangsul ing dalem Islam, kurban punika mengku teges pangurbananipun ingkang kurban piyambak; dados kurban makaten minangka pasemon, bilih

35 (Marang) para kang padha geter atiné samangsa asmaning Allah sinebut, sarta para kang padha sabar marang barang kang angenani awaké, tuwin para kang padha anjumenengaké salat apa déné padha amèwèhaké barang paparing-Ingsun marang dhèwèké.[1692]

الَّذِيْنَ اِذَا ذُكِرَ اللّٰهُ وَجِلَتْ قُلُوْبُهُمْ
وَالصّٰبِرِيْنَ عَلٰى مَآ اَصَابَهُمْ وَالْمُقِيْمِي
الصَّلٰوةِ ۙ وَمِمَّا رَزَقْنٰهُمْ يُنْفِقُوْنَ ٣٥

36 Lan manèhé unta, iku, tumrap marang sira, Ingsun dadèkaké sawenèhing tandha-tandhaning agamané Allah;[1693] tumrap marang sira ing kono iku akèh beciké; mulané padha nebuta asmaning Allah tumrap (unta) iku nalikané ajèjèr-jèjèr; lan samangsané wis padha rubuh, lah iku padha sira pangana lan padha sira ingokna marang wong kacingkrangan kang

وَالْبُدْنَ جَعَلْنٰهَا لَكُمْ مِّنْ شَعَاۤىِٕرِ اللّٰهِ
لَكُمْ فِيْهَا خَيْرٌ ۖ فَاذْكُرُوا اسْمَ اللّٰهِ
عَلَيْهَا صَوَاۤفَّ ۚ فَاِذَا وَجَبَتْ جُنُوْبُهَا
فَكُلُوْا مِنْهَا وَاَطْعِمُوا الْقَانِعَ وَالْمُعْتَرَّ ۗ

piyambakipun tansah sawéga ngetohaken jiwanipun, manawi mila perlu, lan tansah sawéga angurbanaken sadaya samukawisipun ingkang dipun tresnani, makaten ugi pépénginanipun, karana kanggé nglabubi yakti. Lah inggih awit saking punika, mila dhawuh pangandika ingkang kanggé ambukani rembag bab kurban wau, lajeng kémawon katungka ing dhawuh, supados sami nyumarahaken badanipun dhateng Allah, tur ingkang kalayan ambabar pisani, awit Allah punika *Pangéran Ingkang-Mahatunggal*, inggih punika: Dhat ingkang ngemungaken Panjenenganipun pribadi, ingkang pantes dados enering katresnan jati lan dados tujuaning gesangipun tiyang ingkang sajatos. Ing salajengipun kula aturi mirsani katerangan ingkang badhé kawarsitakaken.

1692. Anggènipun mragat kéwan ingkang kanggé kurban, kedah asarana nebut asmanipun Allah. Ing ngriki para Muslimin dipun dhawuhi, bilih anggènipun nebut wau boten kok namung sa-nebut walaka, wangsul maksud ingkang sumimpen wonten ing ngriku, inggih punika: manahipun piyambak kedah geter, samangsa asma wau kasebut. Makaten ugi piyambakipun kedah tansah angèngeti: kèwan ingkang wonten ing panguwaosipun dipun kurbanaken, lah punapa malih awakipun piyambak, punika ugi perlu sanget angurbanaken nyawanipun wonten ing marginipun Allah, jalaran Gusti Allah makaten boten namung Gustinipun kémawon, nanging malah langkung saking punika, inggih punika Ingkang-Nitahaken piyambakipun lan ingkang Ngitik-itik piyambakipun, dados tikel matikel langkung sampurna anggènipun nguwaosi piyambakipun, katimbang anggèning piyambakipun nguwaosi kèwan-kèwan ingkang dipun kurbanaken wau. Awit saking punika mila ayat ingkang mangandikakaken kurban, punika lajeng kémawon katungka ing dhawuh, ingkang andhawuhaken, supados ing salebetipun nandhang cobi rekaos para angèstu tansah amintonaken kasabaranipun ingkang agung. Dados karsanipun agami Islam, kurban mragat kèwan, punika perlu mucal dhateng pandhèrèkipun, angurbanaken gesangipun piyambak kanggé nglabuhi yakti.

1693. Maksud ingkang kawengku wonten ing ngriki, sami kémawon kaliyan ingkang kawengku wonten ing ayat ingkang sampun. Ing ngriki kasebutaken, bilih unta ingkang kabekta dhateng Makkah déning para ingkang sami ngibadah haji perlu kanggé kurban punika namung tandha-tandhaning agaminipun Allah ingkang sajati, tur namung tandha-tandha lahir, inggih punika pratandha bilih agami wau agami sumarah ingkang kalayan ambabar pisani tuwin agami pangurbanan, pangurbananipun tiyang, angurbanaken sadaya barang gadhahanipun, dalasan nyawanipun pisan, wonten ing marginipun Allah.

كَذٰلِكَ سَخَّرْنٰهَا لَكُمْ لَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ﴿٣٦﴾

narima tuwin wong priman;[1694] kaya mangkono anggon-Ingsun ambangun-turutaké (unta) iku marang sira, supaya sira padha atur panuwun.

لَنْ يَّنَالَ اللّٰهَ لُحُوْمُهَا وَلَا دِمَآؤُهَا وَلٰكِنْ يَّنَالُهُ التَّقْوٰى مِنْكُمْؕ كَذٰلِكَ سَخَّرَهَا لَكُمْ لِتُكَبِّرُوا اللّٰهَ عَلٰى مَا هَدٰىكُمْؕ وَبَشِّرِ الْمُحْسِنِيْنَ ﴿٣٧﴾

37 Ora tumeka ing Allah dagingé lan *getihé*, ananging kang *tumeka* Panjenengané iku bakti kang saka ing sira;[1695] kaya mangkono anggoné Panjenengané ambangun-turutaké (unta) iku marang sira, amurih sira padha angegungaké Allah, déning anggoné Panjenengané wus anuntun sira ing dadalan bener; lan amartanana bungah para kang padha agawé becik (ing liyan).

Ar. *getihé (iya) ora* Ut. *tinarima*

اِنَّ اللّٰهَ يُدٰفِعُ عَنِ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْاؕ اِنَّ اللّٰهَ لَا يُحِبُّ كُلَّ خَوَّانٍ كَفُوْرٍ ﴿٣٨﴾

38 Sayekti Allah iku ambéngkas (pialaning para kafir) saka para kang padha angèstu; sayekti Allah iku ora remen marang wong cidra, wong ora weruh ing panarima.[1696]

1694. Daging kéwan ingkang dipun kurbanaken, boten kénging dipun bebècèr ingkang kalayan atanpa guna, nanging kedah dipun anggé nyukani tedha dhateng tiyang fakir miskin. Dados, menggahing kabatosanipun, tiyang Islam punika angurbanaken nyawanipun kanggé ambélani yakti, déné menggah ing kalahiranipun, dipun èngetana, bilih tiyang Islam punika kedah nengenaken lalados ing kamanusan. Mendhem daginging kèwan pinten-pinten ingkang sami dipun kurbanaken wonten ing Makkah, ing wekdal haji, punika boten awawaton dhawuh Quran Suci utawi hadits Nabi. Daging wau saged dipun tanjakaken ingkang kalayan migunani.

1695. Ayat punika maringi karampungan kalayan gumathok, bilih kurban punika sanès pandamelipun lahir, nanging maksud ingkang lebet, ingkang sumimpen wonten ing kurban ngriku ingkang katarimah. Para ingkang sami gadhah panganggép, bilih agami Islam punika agami ingkang namung kebak upacara-upacara, mèngetana dhawuh ingkang terang gamblang punika. Kedah dipun èngeti ugi, bilih pangertosan nebus dosa, punika boten wonten babar pisan wonten ing dalem kurban cara Islam. Ingkang kadhawuhan kurban déning agami Islam punika para titiyang tulus. Bab punika kasasmitakaken wonten ing dhawuh ingkang mungel: kang tumeka Panjenengané iku bekti kang saka ing sira.

1696. Ingkang badhé dipun béngkas saking para angèstu punika piawonipun para kafir (Rz). Ayat punika mungkasi ruku' punika, sarta miwiti bab sanès malih, inggih punika bab perang wonten ing marginipun Allah, ingkang karembag kalayan jalèntrèh wonten ing ruku' sambetipun. Ingkang makaten punika saged suka papadhang bab prakawis sasambetanipun rembag warni kalih, langkung-langkung malih saged nuladhani, ayat-ayat ingkang sajakipun boten sasambetan babar pisan, punika jebul sambet rapet satunggal lan satunggalipun, awit kadhang-kadhang sasambetanipun wau lebet sanget, ngantos boten saged kacetha manawi namung dipun suraos cethèk-cethèkan kémawon. Tumrap ing ngriki, sasambetanipun wau makaten manawi tegesipun ingkang sajati kurban punika sampun kawarsitakaken,

RUKU' 6

Para mukmin dipun idini perang

39. Perang anjagi diri punika dipun idini. 40, 41. Sedyaning perang anetepaken mardikaning agami. 42-46. Para bangsa-bangsa ing kina ingkang sami kalebur. 47, 48. Dhawahing siksa boten dipun gégé.

39 Idin (perang) diparingaké marang para kang padha diperangi, amarga padha dianiaya. lan sayekti Allah iku, prakara mitulungi dhèwèké, temen kawasa;[1697]

أُذِنَ لِلَّذِينَ يُقَٰتَلُونَ بِأَنَّهُمْ ظُلِمُوا ۚ
وَإِنَّ اللَّهَ عَلَىٰ نَصْرِهِمْ لَقَدِيرٌ ﴿٣٩﴾

40 Para kang padha ditundhung saka ing omahé kalawan ora bener, kajaba déning padha angucap: Pangéranku iku Allah. Lan lamun ora anaa pambéngkasing Allah marang manusa kang sawenèh déning sawenèhé, amasthi bakal lebur wihara-wihara lan gréja-gréja tuwin pasembahyangan-pasembahyangan Yahudi apa déné masjid-masjid, kang ing kono iku asma-

الَّذِينَ أُخْرِجُوا مِن دِيَٰرِهِم بِغَيْرِ
حَقٍّ إِلَّآ أَن يَقُولُوا رَبُّنَا اللَّهُ ۗ وَلَوْ
لَا دَفْعُ اللَّهِ النَّاسَ بَعْضَهُم بِبَعْضٍ
لَّهُدِّمَتْ صَوَٰمِعُ وَبِيَعٌ وَصَلَوَٰتٌ وَ
مَسَٰجِدُ يُذْكَرُ فِيهَا اسْمُ اللَّهِ كَثِيرًا ۗ

tiyang Islam mesthi kedah lajeng samapta nglahiraken dumugi ing tindak piwulangipun kurban wau. Awit saking punika mila lajeng dipun dhawuhi, bilih sampun mèh dumugi wahyaning masakalanipun piyambakipun badhé dipun kedahaken ngurbanaken nyawanipun kanggé ambélani yakti, ingkang tansah dipun angkah déning para mengsah murih sirnanipun. Dados, rembag bab prakawis perang karana nglabuhi yakti, punika sambetipun ingkang matis rembag bab prakawis kurban, minangka mewahi papadhang bab tegesipun kurban ingkang lebet saha minangka kanggé angedahaken, piwulang bab kurban punika katindakna dumugi ing tandang.

1697. Miturut hadits ingkang kénging pinitados, dhawuh punika palilah perang ingkang rumiyin piyambak kaparingaken dhateng para Muslimin. Boten wonten satunggal punapa ingkang nedahaken, bilih ayat punika boten katurunaken wonten ing Makkah. Kosokwangsulipun, ayat punika cetha wahyu ingkang tumurun ing Makkah, boten prabéda lan ayat sanès-sanèsipun ing surat punika. Sarta inggih margi saking wontenipun dhawuh punika, déné nalika bai'at (prasetya) ing 'Aqabah ingkang misuwur punika, Kanjeng Nabi Suci mundhut prasetyanipun utusan Madinah, kedah sami ambélani panjenenganipun lumawan para mengsah-mengsahipun, ingkang ngantos kados déné anggènipun sami ambélani anak-anakipun piyambak. Ungeling dhawuh ingkang ngidini perang wau anedahaken kalayan cetha, bilih peperangan punika ingkang miwiti fihak mengsah, inggih punika miwiti merangi para Muslimin; kaping kalihipun, anedahaken bilih para Muslimin sampun nandhang panganiaya ingkang sanget wonten ing tanganing para mengsahipun ingkang ambek siya. Makaten ugi dhawuh punika inggih anedahaken, bilih nalika idin perang wau kaparingaken, kawontenanipun para Muslimin sakalangkung déning ringkih, tandhanipun dipun paringi panglipur déning dhawuh punika, bilih Allah kawasa mitulungi piyambakipun. Dhawuhing ayat sambetipun ingkang mungel para kang padha ditundhung saka ing omahé, punika saged mengku teges hijrah dhateng Habasyah, utawi saged mengku teges bidhalan dhateng nagari Madinah ingkang kalayan sarenti sampun wiwit tumindhak boten let dangu kaliyan wontenipun bai'at ing 'Aqabah.

وَلَيَنصُرَنَّ اللَّهُ مَن يَنصُرُهُ ۗ إِنَّ اللَّهَ لَقَوِيٌّ عَزِيزٌ ﴿٤٠﴾

ning Allah tansah sinebut-sebut; lan sayekti, Allah bakal mitulungi sapa-sapa kang mitulungi Panjenengané; sayekti Allah iku Prakosa, Kinawasa:[1698]

الَّذِينَ إِن مَّكَّنَّاهُمْ فِي الْأَرْضِ أَقَامُوا الصَّلَاةَ وَآتَوُا الزَّكَاةَ وَأَمَرُوا بِالْمَعْرُوفِ وَنَهَوْا عَنِ الْمُنكَرِ ۗ وَلِلَّهِ عَاقِبَةُ الْأُمُورِ ﴿٤١﴾

41 Para kang, manawa padha Ingsun anggonaké ana ing bumi, padha anjumenengaké salat lan awèh zakat sarta aparéntah marang kabecikan tuwin anyegah ing piala; lan kagunganing Allah wekasané sakèhing prakara.

وَإِن يُكَذِّبُوكَ فَقَدْ كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ وَعَادٌ وَثَمُودُ ﴿٤٢﴾

42 Lan manawa dhèwèké padha angemohi sira, lah temen, ing sadurungé dhèwèké iku, kaumé Nuh lan ‘Ad sarta Tsamud (iya) angemohi (para nabi).

وَقَوْمُ إِبْرَاهِيمَ وَقَوْمُ لُوطٍ ﴿٤٣﴾

43 Mangkono manèh kaumé Ibrahim lan kaumé Luth.

وَأَصْحَابُ مَدْيَنَ ۖ وَكُذِّبَ مُوسَىٰ ۖ فَأَمْلَيْتُ لِلْكَافِرِينَ ثُمَّ أَخَذْتُهُمْ ۖ فَكَيْفَ كَانَ نَكِيرِ ﴿٤٤﴾

44 Sarta wong-wonging Madyan; lan manèh Musa (iya) diemohi, ananging Ingsun aparing sumené marang para wong kafir; tumuli padha Ingsun *patrapi*; lah kaya apa (bangeté) anggon-Ingsun ora rena!

Ar. *asta*

1698. Para ingkang sok amastani bilih agami Islam punika agami “*fanaticism*” aliyas ta’ashshub muta-tuli, prayogi dipun èngetaken wonten ing ngriki, bilih kamardikan nglampahi agami, ingkang kajumenengaken déning Islam sèwu tigang atus taun kapengker, punika wonten ing antawisipun bangsa-bangsa ingkang sakalangkung majeng saha momot, dèrèng naté wonten ingkang ngungkuli. Malah kapara kathah kémawon bangsa-bangsa Nasrani ingkang sampun majeng, kalajeng-lajeng boten anyepengi tatales ingkang adiluhung punika. Pantes dipun pèngeti, bilih gesangipun tiyang Muslimin punika kedahipun boten namung dipun kurbanaken kanggé ngèndeli panganiaya ingkang kadhawahaken dhateng piyambakipun déning mengsah-mengsahipun tuwin kanggé rumeksa masjid-masjidipun piyambak kémawon, nanging ugi dipun kurbanaken kanggé rumeksa gréja-gréja, pasembayangan-pasembayangan Yahudi, tuwin wihara-wihara – cekak aosipun kanggé anjumenengaken kamardikan nglampahi agami ingkang sampurna. Masjid-masjid, punika sanajan papan ingkang tansah kanggé anebut asmanipun Allah langkung kathah katimbang papan pasembayangan sanès-sanèsipun, suprandéné bubuhanipun kareksa dhumawah sasampunipun gréja-gréja tuwin pasembayangan-pasembayangan Yahudi. Lah samanten sikepipun ingkang momot agami Islam dhateng agami-agami sanès. Cobi, punapa wonten pandhirining agami sanèsipun malih ingkang mulangaken piwulang ingkang adiluhung makaten wau? Utawi punapa ing kitab sucinipun agami sanès-sanèsipun wonten piwulangipun satunggal kémawon, ingkang maréntahaken pandhèrèkipun ngurbanaken nyawanipun kanggé rurneksa papan pasembayanganipun agami sanès? Kalayan temen-temen para Muslimin manut miturut dhateng piwulang punika, sarta saben sénapatining

45 Lah wis pira baé kèhé kutha kang wus Ingsun lebur déning anggoné padha atindak dudu, iku banjur padha rubuh payoné, lan (wis pira baé kèhé) sumber, kang ditinggal ngalenthar, apa déné gedhung kang dhuwur.

فَكَأَيِّنْ مِّنْ قَرْيَةٍ أَهْلَكْنٰهَا وَهِيَ ظَالِمَةٌ فَهِيَ خَاوِيَةٌ عَلٰى عُرُوْشِهَا وَبِئْرٍ مُّعَطَّلَةٍ وَّقَصْرٍ مَّشِيْدٍ ﴿٤٥﴾

46 Lah apa ta dhèwèké padha ora lelana ing bumi, dadi banjur padha duwé ati dianggo mangertèni, utawa kuping dianggo ngrurungu? Amarga sajatiné ora wuta si mripat, ananging sing wuta si ati sing ana ing sajroning dhadha.[1699]

أَفَلَمْ يَسِيْرُوْا فِي الْأَرْضِ فَتَكُوْنَ لَهُمْ قُلُوْبٌ يَّعْقِلُوْنَ بِهَآ أَوْ اٰذَانٌ يَّسْمَعُوْنَ بِهَا ۚ فَإِنَّهَا لَا تَعْمَى الْأَبْصَارُ وَلٰكِنْ تَعْمَى الْقُلُوْبُ الَّتِيْ فِي الصُّدُوْرِ ﴿٤٦﴾

47 Lan dhèwèké padha anjaluk marang sira anggégé siksa, lan ora bakal Allah iku anulayani janji-Né, lan sayekti, sadina mungguhing Allah iku kaya sèwu taun miturut pangétungmu.[1699A]

وَيَسْتَعْجِلُوْنَكَ بِالْعَذَابِ وَلَنْ يُّخْلِفَ اللّٰهُ وَعْدَهٗ ۗ وَإِنَّ يَوْمًا عِنْدَ رَبِّكَ كَأَلْفِ سَنَةٍ مِّمَّا تَعُدُّوْنَ ﴿٤٧﴾

48 Lan wus pira baé kèhé kutha kang wus Ingsun paringi sumené, kang mangka padha atindak dudu; tumuli padha Ingsun *patrapi*, lan marang Ingsun bali iku.

Ar. *asta*

وَكَأَيِّنْ مِّنْ قَرْيَةٍ أَمْلَيْتُ لَهَا وَهِيَ ظَالِمَةٌ ثُمَّ أَخَذْتُهَا ۚ وَإِلَيَّ الْمَصِيْرُ ﴿٤٨﴾

RUKU' 7

Panglawan dhateng Kanjeng Nabi Suci

49-54. Panglawan badhé sirna. 55-57. Dinten putusan.

49 Calathua: É, para manusa! aku iki mung juru-pépéling kang terang tumrap marang sira.

قُلْ يٰٓأَيُّهَا النَّاسُ إِنَّمَآ أَنَا لَكُمْ نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ﴿٤٩﴾

wadyabala mesthi sami maréntahaken ngaosi sawarnining griya pasembayangan, malah kalebet ugi wihara-wiharanipun para pandhita, dalah ingkang sami ngenggèni.

1699. Pratélan ingkang kadhawuhaken ing ngriki punika saged suka pasaksèn ingkang ambabar pisani, bilih sasakit-sasakit ingkang sok kapangandikakaken ing Quran Suci, punika sanès sasakiting badan wadhag, nanging sasakit-sasakit ruhani. Kathah bab ingkang peteng-peteng saged dipun wudhari kalayan gampil, manawi bab prakawis punika dipun èngeti.

1699A. Sajakipun ingkang dipun pangandikakaken Quran ing ngriki punika pidananipun para mengsahing yakti ingkang badhé dhateng ing tembé-wingking. Titiyang ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika titiyang ingkang sampun kaumbar milawani kamajenganipun Islam ngantos sèwu taun.

50 Wondéné para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, iku bakal padha olèh pangapura sarta rijeki kang minulya.

فَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَهُمْ مَغْفِرَةٌ وَرِزْقٌ كَرِيمٌ ﴿٥٠﴾

51 Lan para kang padha ambudi-daya angalang-alangi timbalan-timbalan-Ingsun, iku bakal padha dadi wong-wonging geni murub.[1700]

وَالَّذِينَ سَعَوْا فِي آيَاتِنَا مُعَاجِزِينَ أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَحِيمِ ﴿٥١﴾

52 Lan ora pisan Ingsun angutus sawijining utusan utawa nabi, ing sadurungira, kajaba, samangsa dhèwèké duwé pangèsti, masthi sétan niyupaken godha panggodha marang pangèstiné, ananging Allah anyirnakaké apa kang di-tiyupaké déning sétan iku; tumuli Allah anetepaké timbalan-timbalan-É, lan Allah iku Udani, Wicaksana.[1701]

وَمَا أَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ مِنْ رَسُولٍ وَلَا نَبِيٍّ إِلَّا إِذَا تَمَنَّىٰ أَلْقَى الشَّيْطَانُ فِي أُمْنِيَّتِهِ فَيَنْسَخُ اللَّهُ مَا يُلْقِي الشَّيْطَانُ ثُمَّ يُحْكِمُ اللَّهُ آيَاتِهِ ۗ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿٥٢﴾

1700. Ukara ingkang kula jarwani *ambudi-daya angalang-alangi timbalan-timbalan-Ingsun*, punika ingkang mungel makaten سعوا فى أياتنا معاجزين Pérangan ingkang wiwitan ukara punika sami kaliyan tetembungan سعيت فى أمر فلان ingkang manawi miturut LL ateges: *aku ambudi-daya ing dalem prakarané sawijining wong karana arep ambeneraké utawa ambubrah iku*. Pérangan ingkang angka kalih ukara wau: *mu'âdizîn*, tegesipun merangi lan rnilawani (para nabi lan pandhèrèk-pandhèrèkipun) murih boten saged (nindakaken dhawuhipun Allah). Waton-watonipun kula aturi mirsani LL.

1701. Dodongèngan ingkang sok dipun anggé nerangaken maksudipun ayat punika, dora sarta babar pisan boten wonten watonipun. Dodongèngan ingkang nyariyosaken bilih Kanjeng Nabi mumuji brahala-brahala sarta tumut angakeni pangawaos saha wewenangipun brahala wau dados juru pantawis, punika lugu cariyos ngayawara damel-damelan blaka. Bab prakawis punika katerangaken wonten ing 2382. Ing ngriki cekap kula wewahi katerangan sakedhik, bilih sadaya para mufassir ingkang jadhug-jadhug, mesthi sami nulak dodongèngan wau. Kadosta Rz nerangaken makaten: Déné para titiyang ingkang neja tliti lan leres sami nerangaken bilih dodongèngan punika dora (boten nyata) tuwin lugu namung damel-damelan. Bd ugi nerangaken ingkang makaten wau suraosipun.

Tembungipun dhawuh Quran punika, boten mengku teges, lan boten saged dipun tegesi, bilih samangsa satunggaling nabi maosaken wahyu ingkang katampi, sétan lajeng nglebetaken ungelipun piyambak dhateng pamaosipun nabi wau. Kajawi sampun terang doranipun dodongèngan wau, kula sami saged nyatakaken bilih Quran piyambak boten angakeni wontenipun panggodha ingkang kados makaten wau. Minangka tuladha ing 72: 26-28, ingkang tumurunipun sadèrènging tumurunipun surat punika, wonten pratélan ingkang terang gamblang, bilih wasitanipun Pangéran punika tumurunipun kalayan suci-murni: "Panjenengané ora amedharake wadi-Né marang sapa baé, kajaba marang wong kang pinilih kadadèkaké utusan; awit satemené Panjenengané anglakokaké juru-anjaga ana ing sangarepé lan ana ing saburiné dhèwèké, murih Panjenengané uningaa yèn dhèwèké pranyata wis padha anekakaké wasitané Pangérané." Langkung-langkung malih, saèstu boten memper sanget manawi lalampahan Kanjeng Nabi nganggep juru-pantawis dhateng brahala, saweg kasebutaken ing Quran

53 Supaya apa kang ditiupaké déning sétan iku Panjenengané andadosaké coba tumrap para kang ing sajroning atiné ana lalarané sarta kang padha atos atiné;[1702] lan sayekti wong kang padha atindak dudu iku temen dumunung ing pandaga kang *abanget*,[1703]

Ar. *adoh*

لِّيَجْعَلَ مَا يُلْقِي الشَّيْطٰنُ فِتْنَةً لِّلَّذِيْنَ فِيْ قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ وَّالْقَاسِيَةِ قُلُوْبُهُمْ ۗ وَإِنَّ الظّٰلِمِيْنَ لَفِيْ شِقَاقٍ بَعِيْدٍ ﴿٥٣﴾

---

nalika sampun let wolung taun kaliyan kalampahanipun, mangka punika lalampahan ingkang wigatos. Sadaya kalangan angakeni, bilih surat An-Najm (surat ingkang kaping 53), ingkang kaanggep nyebutaken éwahing piwulangipun Kanjeng Nabi wau punika anggènipun katurunaken nalika kirang langkung ing taun ingkang kaping gangsal sasampunipun Kanjeng Nabi jumeneng dados utusan. Wondéné péranganing surat ingkang saweg karembag punika, anggènipun katurunaken nalika Kanjeng Nabi ngajengaken badhé linggar saking Makkah. Sadangunipun wekdal wau, wahyu ingkang katurunaken sampun langkung saking sapalihing Quran, boten wonten satunggal-tunggala ingkang nyebutaken lalampahan kados déné dodongèngan wau, mangka tanpa wonten perlunipun lajeng dipun sebutaken wonten ing surat ingkang pancènipun boten perlu anyebutaken bab punika, lah punika kémawon sampun cekap kanggé anggorohaken bantahanipun tiyang sajinis tuwan Muir, ingkang kenceng amastani bilih ingkang dipun karsakaken wonten ing ayat ngriki punika dodongèngan wau. Pantes ugi dipun pèngeti, bilih ungeling pratélan punika mengku suraos ing saumumipun; milanipun (manawi kapara nyata dhawuh punika mengku karsa nyebutaken dodongèngan wau), kedahipun saben nabi lan sadhéngah rasul mesthi inggih sampun naté ngalami kacampuran panggodhaning sétan wahyunipun. Nanging panyuraos ingkang kados makaten punika kedah dipun lepataken, jalaran kajawi boten wonten dhawuh satunggal kémawon ing Quran Suci ingkang kénging dipun cungulaken kanggé angiyataken panyuraos wau, ugi jalaran babad anggorohaken punika. Déné pasaksèn ing dalem Islam piyambak ingkang ambuktèkaken doranipun dodongèngan wau, kula aturi mirsani katerangan 2382.

Manawi makaten, lah lajeng punapa suraosipun dhawuh wau? *Tamannâ*, punika manawi manut ahli basa sadaya kémawon, ateges kapéngin. Miturut TA, *tamannî* ateges *kapéngin anggayuh samukawis ingkang dipun senengi déning tiyang*. Lah, prakawis ingkang dipun senengi sadhéngah nabi, punika anjumenengaken Kasawijènipun Pangéran wonten ing donya punika tuwin anjumenengaken yakti ingkang kawahyokaken dhateng panjenenganipun. Lah inggih pépénginanipun sadhéngah nabi punika, ingkang dipun goragodha déning sétan. Déné sétan ing ngriki boten sanès kajawi inggih para benggoling mengsahipun para nabi wau. Lekasipun sétan, angojok-ojoki manusa, utawi kados déné ingkang kasebut ing ngriki: *anggodha ing manusa*, murih samia milawani nabinipun tuwin milawani ing sumebaripun yakti. Maksudipun ingkang sajati dhawuh punika inggih makaten wau, sarta bab punika sampun kacethakaken piyambak déning suraosing dhawuh ing nginggil lan ing ngandhapipun, ingkang ngrembag jumenengipun yakti saha kapénginipun para mengsahing yakti badhé nyirnakaken punika. Kula aturi mirsani ayat sadèrèngipun, ingkang anglepataken para titiyang ingkang sami merangi lan milawani Kanjeng Nabi, murih panjenenganipun boten saged anjumenengaken yakti wonten ing donya. Boten prabéda lan ingkang asring kadhawuhaken kalayan terang wonten ing surat punika saha ing panggènan sanès-sanèsipun ing dalem Quran, wonten ing dhawuh candhakipun kadhawuhaken, bilih upayanipun para mengsah mesthi badhé wuk atanpa dados sarta yakti mesthi badhé jumeneng ing donya.

1702. Lekasipun sétan anggènipun milawani Kanjeng Nabi, punika dados cobi tumrap para titiyang ingkang ringkih manahipun, inggih punika margi boten kiyat nandhang panganiayaning mengsahipun ingkang sanget, lajeng wangsul dhateng kafir.

1703. Dipun pèngetana, bilih wonten ing pungkasaning dhawuh, *sétan* punika kagentosan *para ingkang sami atindak dédé (dzâlimîn),* déné *itqa'* utawi *godha,* kagentosan *pandaga*. Ingkang makaten punika anedahaken, bilih *panggodhaning sétan*, punika boten sanès kajawi inggih *pandaganipun para mengsah yakti*, awit punika godha dhateng manahipun para mengsahipun Kanjeng Nabi.

54 Lan supaya para kang padha kasinungan kawruh weruha, yèn sayekti iku kasunyatan saka ing Pangéranira, temahan iku dhèwèké bakal padha angèstu, sarta atiné bakal padha tumunduk mrono; lan sayekti, Allah iku Panuntuné para kang padha angèstu, marang dadalan bener.

وَلِيَعْلَمَ الَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ أَنَّهُ الْحَقُّ مِنْ رَبِّكَ فَيُؤْمِنُوا بِهِ فَتُخْبِتَ لَهُ قُلُوبُهُمْ ۗ وَإِنَّ اللَّهَ لَهَادِ الَّذِينَ آمَنُوا إِلَىٰ صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ ﴿٥٤﴾

55 Lan para kang padha kafir ora uwis-uwis olèhé dumunung ing kamamangan ing prakara iku, nganti titimangsané tumeka marang dhèwèké kalawan dumrojog utawa tekaning siksané dina kang angleburaké marang dhèwèké.[1704]

وَلَا يَزَالُ الَّذِينَ كَفَرُوا فِي مِرْيَةٍ مِنْهُ حَتَّىٰ تَأْتِيَهُمُ السَّاعَةُ بَغْتَةً أَوْ يَأْتِيَهُمْ عَذَابُ يَوْمٍ عَقِيمٍ ﴿٥٥﴾

56 Karaton iku, ing dina iku, kagunganing Allah: Panjenengané bakal mancasi antarané dhèwèké; déné para kang padha angèstu lan anglakoni panggawé becik, iku padha ana ing patamanan nugraha.

الْمُلْكُ يَوْمَئِذٍ لِلَّهِ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْ ۚ فَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ فِي جَنَّاتِ النَّعِيمِ ﴿٥٦﴾

57 Lan para kang padha kafir sarta angemohi ing timbalan-timbalan-Ingsun, lah iku bagéané siksa kang angasoraké.

وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا فَأُولَٰئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مُهِينٌ ﴿٥٧﴾

RUKU' 8

Para susatya badhé katetepaken wonten ing bumi

58-61. Para ingkang kaaniaya badhé tinulungan. 62. Allah punika Ingkang-Mahayakti. 63, 64. Wewedharing sabda punika andadosaken gesang.

1704. Tembung *'aqîm*, punika manawi kanggé nembungaken talanakan, ateges *gabug*. Manawi kanggé nembungaken angin, *angin ingkang boten saged nguwohaken* (TA-LL); milanipun الريح العقيم ing 51: 41 punika lajeng ateges *angin pangrusak*, sarta يوم عقيم ing ngriki ateges *dina kang ngleburaké*, liripun: *dinten ingkang boten ambekta kasaénan punapa-punapa*. Ayat punika, makaten ugi ayat kakalih sambetipun, punika kajawi nerangaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang saha kinawasa, piweca bab jumenengipun yakti – awit inggih punika karatoning Allah – sarta leburing panguwaosipun piawon.

58 Lan para kang padha ngili ing dadalaning Allah,[1705] banjur pinatènan utawi mati, Allah bakal angrijekèni dhèwèké kalawan rijeki kang becik, lan sayekti Allah iku temen becik-beciké Kang awèh rijeki.

وَالَّذِينَ هَاجَرُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ ثُمَّ قُتِلُوا أَوْ مَاتُوا لَيَرْزُقَنَّهُمُ اللَّهُ رِزْقًا حَسَنًا ۚ وَإِنَّ اللَّهَ لَهُوَ خَيْرُ الرَّازِقِينَ ﴿٥٨﴾

59 Amasthi Panjenengané bakal anglebokaké dhèwèké marang enggon lumebu kang anyenengaké dhèwèké; lan sayekti, Allah iku temen Udani, Momot.

لَيُدْخِلَنَّهُم مُّدْخَلًا يَرْضَوْنَهُ ۗ وَإِنَّ اللَّهَ لَعَلِيمٌ حَلِيمٌ ﴿٥٩﴾

Ar. *anungka*

a. 45

60 (Masthi bakal) mangkono; sapa kang *nandukaké wawales* kalawan satimbangé (piala) kang ditandukaké marang dhèwèké sarta[a] dhèwèké iku ditindhes, amasthi Allah bakal amitulungi dhèwèké; sayekti Allah iku temen Amuwung, Aparamarta.[1706]

ذَٰلِكَ ۖ وَمَنْ عَاقَبَ بِمِثْلِ مَا عُوقِبَ بِهِ ثُمَّ بُغِيَ عَلَيْهِ لَيَنصُرَنَّهُ اللَّهُ ۗ إِنَّ اللَّهَ لَعَفُوٌّ غَفُورٌ ﴿٦٠﴾

61 Mangkono iku amarga Allah iku anglebokaké wengi ing raina lan anglebokaké raina ing wengi, lan déné Allah iku Amiyarsa, Amariksani.[1707]

ذَٰلِكَ بِأَنَّ اللَّهَ يُولِجُ اللَّيْلَ فِي النَّهَارِ وَيُولِجُ النَّهَارَ فِي اللَّيْلِ وَأَنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ بَصِيرٌ ﴿٦١﴾

1705. Margi saking wontenipun tembung *hâjaru* (*padha ngili*) ing ayat punika, punika boten teka lajeng anedahaken bilih ayat punika boten katurunaken ing Makkah. Awit nalika taun ingkang kaping gangsal ing sasampunipun Kanjeng Nabi jumeneng dados utusan, para mukminin inggih sampun sami *hijrah* utawi *ngili* dhateng nagari Habasyah. Langkung-langkung perlu dipun pèngeti, bilih tiyang ingkang kantun pijambak nilar nagari Makkah nalika hijrah ingkang kaping kalih wau, punika Kanjeng Nabi Suci, kaliyan Bagéndha Abu Bakar tuwin Bagéndha Ali. Pranyata panuntuning manusa ingkang sajati tur mahambek lila-legawa! Sadèrènging panjenenganipun piyambak linggar, ngentosi rumiyin bidhalipun para pandhèrèkipun ingkang setya, murih kareksa kawilujenganipun para titiyang wau. Sampun boten wonten semang- semangipun malih, saupami panjenenganipun linggar langkung rumiyin, nilar pandhèrèkipun wonten ing Makkah, mesthi sami nandhang nasib ingkang sakalangkung déning rekaos wonten ing tanganipun mengsah, ingkang sampun makantar-kantar nepsunipun. Déné dhawuh ingkang nyebutaken, bilih sawenèhipun wonten ingkang pinejahan ing sasampunipun sami ngili, punika terang manawi piweca.

1706. Ayat panika ngidini para Muslimin, ingkang sampun dangu dipun kaniaya lan dipun tindhes, midana para ingkang sami nganiaya dhateng piyambakipun, nanging ugi mrayogèkaken ngapunten lan muwung, sarana anyebutaken sifatipun Pangéran kakalih wonten ing pungkasaning dhawuh ing ayat punika.

1707. Cetha bilih gilir-gumantosing rinten lan dalu ing ngriki punika mengku piweca badhé lumintiripun nasib kabegjan, ingkang sampun kasasmitakaken wonten ing ayat ingkang sampun, awit

ذَٰلِكَ بِأَنَّ اللَّهَ هُوَ الْحَقُّ وَأَنَّ مَا يَدْعُونَ مِن دُونِهِ هُوَ الْبَاطِلُ وَأَنَّ اللَّهَ هُوَ الْعَلِيُّ الْكَبِيرُ ﴿٦٢﴾

62 Mangkono iku amarga Allah iku Ingkang-Mahayakti, wondéné apa kang padha disusuwuni saliyané Panjenengané, iku kang palsu, sarta déné Allah iku Ingkang-Luhur, Ingkang-Agung.

أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ أَنزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَتُصْبِحُ الْأَرْضُ مُخْضَرَّةً ۗ إِنَّ اللَّهَ لَطِيفٌ خَبِيرٌ ﴿٦٣﴾

63 Apa sira ora weruh, yèn Allah iku anurunaké banyu saka mendhung, satemah bumi dadi ijo? Sayekti Allah iku *Mahawilasa***,** Waspada.

Ut. *Ingkang-Anguningani kang lembut-lembut*

لَّهُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ ۗ وَإِنَّ اللَّهَ لَهُوَ الْغَنِيُّ الْحَمِيدُ ﴿٦٤﴾

64 Kagungané Panjenengané sabarang kang ana ing langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi; lan sayekti, Allah, Panjenengané iku Ingkang-*Sugih*, Ingkang-Ingalembana.

Ut. *anyukupi Dhiri Pribadi*

RUKU' 9

Wilasanipun Pangéran ing dalem anggèn-Ipun angasta manusa

65-70. Kalepataning kapitadosan badhé kapancasan ing tembé. 71, 72. Panganiaya dhateng para angèstu badhé kabengkas.

أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ سَخَّرَ لَكُم مَّا فِي الْأَرْضِ وَالْفُلْكَ تَجْرِي فِي الْبَحْرِ بِأَمْرِهِ ۗ وَيُمْسِكُ السَّمَاءَ أَن تَقَعَ عَلَى الْأَرْضِ إِلَّا بِإِذْنِهِ ۗ إِنَّ اللَّهَ بِالنَّاسِ لَرَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿٦٥﴾

65 Apa sira ora weruh, yèn Allah iku ambangun-turutaké marang sira sabarang kang ana ing bumi sarta prau kang lumaku ing sagara kalawan paréntahé Panjenengané? Sarta Panjenengané angeker *udan* tumiba ing bumi, kajaba kalawan idiné Panjenengané; sayekti Allah iku marang manusa temen Maha-welas, Mahaasih.[1708]

Ut. *langit*

umat ingkang tinindhes punika tangèh saged midana titiyang ingkang nindhes, manawi dèrèng nguwaosi piyambakipun. Suraos makaten punika ugi kawengku wonten ing dalem sifatipun Pangéran kakalih ingkang kanggé mungkasi ayat punika. Ayat-ayat sambetipun inggih makaten ugi, mengku sasmita ingkang kados makaten wau.

1708. Péranganipun ingkang sapisan ayat punika maringi janji kamenangan dhateng para Muslimin, déné perangan ingkang angka kalih, memèngeti para mengsah, bilih Allah angeker siksa, liripun boten andhawahaken pidana ing sawatawis wekdal dhateng para titiyang wau, jalaran Panjenenganipun punika welas lan asih dhateng para manusa. Angeker langit, punika tegesipun angeker siksa, ingkang sampun kadhawuhaké dhateng para mengsah bilih mesthi badhé andhawahi piyambakipun saking langit.

66 Lah Panjenenganè iku kang aparing urip sira; banjur bakal amatèni sira, banjur bakal anguripaké sira (manèh); sayekti manusa iku temen ora weruh ing panarima.

وَهُوَ الَّذِيْٓ اَحْيَاكُمْ ۫ ثُمَّ يُمِيْتُكُمْ ثُمَّ يُحْيِيْكُمْ ۭ اِنَّ الْاِنْسَانَ لَكَفُوْرٌ ﴿٦٦﴾

67 Tumrap siji-sijining umat Ingsun wus anetepaké lakuning *kumawula*, kang padha diéstokaké;[1709] mulané aja nganti dhèwèké padha apasulayan karo sira ing dalem prakara iku, sarta angajaka marang Pangéranira; sayekti sira iku dumunung ing *dadalan* kang bener.

Ut. *pangibadah*

Ar. *pituduh, tuntunan*

لِكُلِّ اُمَّةٍ جَعَلْنَا مَنْسَكًا هُمْ نَاسِكُوْهُ فَلَا يُنَازِعُنَّكَ فِي الْاَمْرِ وَادْعُ اِلٰى رَبِّكَ ۭ اِنَّكَ لَعَلٰى هُدًى مُّسْتَقِيْمٍ ﴿٦٧﴾

68 Lan manawa dhèwèké padha ambantahi sira, banjur calathua: Allah iku luwih wikan marang apa kang padha sira lakoni.

وَاِنْ جٰدَلُوْكَ فَقُلِ اللّٰهُ اَعْلَمُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ ﴿٦٨﴾

69 Allah bakal amancasi ing antaranira ing dina kiyamat ing dalem prakara kang ing kono sira padha apasulayan.

اَللّٰهُ يَحْكُمُ بَيْنَكُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ فِيْمَا كُنْتُمْ فِيْهِ تَخْتَلِفُوْنَ ﴿٦٩﴾

70 Apa sira ora weruh, yèn Allah iku anguningani sabarang kang ana ing langit-langit lan bumi? Sayekti, iki ana ing dalem kitab; sayekti, iki, ingatasé Allah gampang.

اَلَمْ تَعْلَمْ اَنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ مَا فِي السَّمَآءِ وَالْاَرْضِ ۭ اِنَّ ذٰلِكَ فِيْ كِتٰبٍ ۭ اِنَّ ذٰلِكَ عَلَى اللّٰهِ يَسِيْرٌ ﴿٧٠﴾

71 Lan dhèwèké padha angabdi saliyané Allah, barang, kang Panjenenganè ora anuruni wewenang, lan barang kang dhèwèké padha ora duwé ngèlmu(-né), lan tumrap kang padha atindak dudu ora bakal ana panulung.

وَيَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَمْ يُنَزِّلْ بِهٖ سُلْطٰنًا وَّمَا لَيْسَ لَهُمْ بِهٖ عِلْمٌ ۭ وَمَا لِلظّٰلِمِيْنَ مِنْ نَّصِيْرٍ ﴿٧١﴾

1709. Ayat punika paring pasaksèn malih dhateng kula sami, bab pambekan momot saha kamardikan nglampahi agami dhateng sok tiyang, ingkang kawulangaken Islam.

72 Lan samangsa timbalan-timbalan-Ingsun kang cetha diwacakaké marang dhèwèké, sira bakal weruh panampik (katon) ana ing rai-rainé para kang padha kafir; mèh baé dhèwèké padha angancab para kang padha amacakaké timbalan-timbalan-Ingsun marang dhèwèké. Calathua: Apa kowé gelem daktuduhaké marang kang luwih ala tinimbang iki? Yaiku geni, kang dijanjèkaké déning Allah marang para kang padha kafir; iba ta alané pangungsèn iku!

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا بَيِّنَاتٍ تَعْرِفُ
فِي وُجُوهِ الَّذِينَ كَفَرُوا الْمُنْكَرَ ۖ يَكَادُونَ
يَسْطُونَ بِالَّذِينَ يَتْلُونَ عَلَيْهِمْ آيَاتِنَا ۗ
قُلْ أَفَأُنَبِّئُكُمْ بِشَرٍّ مِنْ ذَٰلِكُمُ ۗ
النَّارُ ۖ وَعَدَهَا اللَّهُ الَّذِينَ كَفَرُوا ۖ
وَبِئْسَ الْمَصِيرُ ﴿٧٢﴾

RUKU' 10

Manembah-pangéran-kathah badhé dipun rungkad

73, 74. Apesipun sesembahan palsu. 75, 76. Para utusan angsal kamenangan. 77, 78. Panyerempeng punika perlu.

73 É, para manusa! sawijining sanépa wus digelar; mulané iku padha sira rungokna. Sayekti, para kang padha sira uwuh kang saliyané Allah, iku padha ora bisa agawé laler siji, sanajan padha gumolong anandangi, apa déné upama silaler anggondhol apa-apa saka dhèwèké, iku ora bakal padha bisa anjabel; apes kang anguwuh lan kang diuwuh.[1710]

يَا أَيُّهَا النَّاسُ ضُرِبَ مَثَلٌ فَاسْتَمِعُوا
لَهُ ۚ إِنَّ الَّذِينَ تَدْعُونَ مِنْ
دُونِ اللَّهِ لَنْ يَخْلُقُوا ذُبَابًا وَلَوِ
اجْتَمَعُوا لَهُ ۖ وَإِنْ يَسْلُبْهُمُ الذُّبَابُ
شَيْئًا لَا يَسْتَنْقِذُوهُ مِنْهُ ۚ ضَعُفَ
الطَّالِبُ وَالْمَطْلُوبُ ﴿٧٣﴾

74 Dhèwèké ora padha angajèni Allah kalawan sajatining aji-Né; sayekti Allah iku temen Kuwat, Mahamulya.

مَا قَدَرُوا اللَّهَ حَقَّ قَدْرِهِ ۗ إِنَّ اللَّهَ
لَقَوِيٌّ عَزِيزٌ ﴿٧٤﴾

1710. Ayat punika anerangaken bilih sesembahan palsu punika sami boten saged damel barang gesang nadyan ingkang asor piyambak, utawi mangrèh dhateng titah sakedhik kémawon inggih boten saged. Kajawi punika ayat punika ugi mengku piweca ingkang terang, bilih para sesembahan palsu mesthi badhé kasingkiraken saking Padaleman Suci, sarta ingkang nembah lan ingkang dipun sembah mesthi sami déné badhé dados apes tanpa kukupan.

75 Allah amilih sawenèhing para malaikat lan sawenèhing para manusa minangka utusan; sayekti Allah iku Amiyarsa, Amriksani.

ٱللَّهُ يَصْطَفِى مِنَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةِ رُسُلًا
وَمِنَ ٱلنَّاسِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌۢ بَصِيرٌ ﴿٧٥﴾

Ar. *dibalèk-aké*

76 Panjenengané Anguningani apa kang ana ing ngarepé lan apa kang ana ing buriné, lan marang Allah *baliné* sakèhing prakara.

يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ ۗ
وَإِلَى ٱللَّهِ تُرْجَعُ ٱلْأُمُورُ ﴿٧٦﴾

a. 183

77 É, para kang padha angèstu! padha tumundhuka lan sumungkema sarta padha angabdia marang Pangéranira, sarta padha anglakonana kabecikan, supaya sira padha beja.[a]

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا ٱرْكَعُوا وَٱسْجُدُوا
وَٱعْبُدُوا رَبَّكُمْ وَٱفْعَلُوا ٱلْخَيْرَ
لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ۩ ﴿٧٧﴾

Ar. *sadu-rung(-ira)*
Ar. *iki*,
Ut. *panun-tun*
Ut. *panun-tun*
a. 183

78 Lan padha anyrempenga ing (dadalaning) Allah kalawan sajatiné panyrempeng ing Panjenengané; Allah wus amething sira, sarta ing dalem agama Panjenengané ora adamel rupek tumrapé sira; agamané ramanira Ibrahim; Panjenengané amastani Muslimin marang sira: ing *biyèn* sarta ing *saiki*,[1711] supaya utusan iku dadi *saksi* ingatasé sira sarta sira padha dadi *saksi* ingatasé para manusa;[a] mulané padha anjumenengana salat sarta padha ambayara zakat apa déné padha gondhèlana ing Allah; Panjenengané iku Pangayomira; lah iba ta linuwihé Pangayoman iku, lan iba ta linuwihé Panulung iku!

وَجَٰهِدُوا فِى ٱللَّهِ حَقَّ جِهَادِهِۦ ۚ هُوَ
ٱجْتَبَىٰكُمْ وَمَا جَعَلَ عَلَيْكُمْ فِى ٱلدِّينِ
مِنْ حَرَجٍ ۚ مِّلَّةَ أَبِيكُمْ إِبْرَٰهِيمَ ۚ
هُوَ سَمَّىٰكُمُ ٱلْمُسْلِمِينَ مِن قَبْلُ وَفِى
هَٰذَا لِيَكُونَ ٱلرَّسُولُ شَهِيدًا عَلَيْكُمْ
وَتَكُونُوا شُهَدَآءَ عَلَى ٱلنَّاسِ ۚ
فَأَقِيمُوا ٱلصَّلَوٰةَ وَءَاتُوا ٱلزَّكَوٰةَ
وَٱعْتَصِمُوا بِٱللَّهِ هُوَ مَوْلَىٰكُمْ ۖ فَنِعْمَ
ٱلْمَوْلَىٰ وَنِعْمَ ٱلنَّصِيرُ ﴿٧٨﴾

1711. Agaminipun Allah ingkang sajati, ingkang dados agaminipun sadaya para andika Nabi, punika *Islam*, utawi *sumarah ingkang ambabar-pisani dhateng Allah*. Kanjeng Nabi Ibrahim naté nyunyuwun supados saking antawising tedhak turunipun wonten satunggaling umat Muslimin (2: 128). Wonten ing Quran Suci kapangandikakaken marambah-rambah, bilih Kanjeng Nabi Ibrahim piyambak punika inggih Muslim, awit panjenenganipun punika nyumarahaken sariranipun dhateng Allah kalayan sumarah ingkang ambabar-pisani kados lekasipun Muslim sajati.

آيَاتُهَا ١١٨ (٢٣) سُوْرَةُ الْمُؤْمِنُوْنَ مَكِّيَّةٌ رُكُوْعَاتُهَا ٦

JUZ XVIII

SURAT 23

AL-MU'MINUN

(*Para angèstu*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*6 ruku', 118 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kabegjanipun para angèstu
Ruku' 2, 3. Kanjeng Nabi Nuh lan nabi-nabi ing sapengkeripun.
Ruku' 4. Angambali lalampahanipun para nabi.
Ruku' 5. Panembah-pangéran-kathah katampik piyambak.
Ruku' 6. Pidhuwungipun tiyang awon.

Namanipun, gathuking suraosipun, tuwin titimangsaning tumurunipun

Surat punika mekasi golongan ingkang angka tiga tumrap surat-surat Makkiyah, misuwur nama surat *Al-Mu'minun* utawi *Para angèstu*, awit surat punika ngrembag kabegjanipun para angèstu. Imam Sayuthi leres anggènipun mastani, bilih surat punika wahyu Makkiyah ingkang wekasan. Saboten-botenipun sampun boten wonten pasulayaning pamanggih bilih surat punika wahyu Makkiyah, sarta kabuktèn saking pasaksèn pipiridan saking suraosipun, bilih surat punika kagolong ing jaman ingkang wekasan salebetipun Kanjeng Nabi makarya wonten ing Makkah. Ruku' ingkang wekasan piyambak, ingkang nyebutaken anggènipun para tiyang awon sami badhé anggetuni pandamelipun, punika semunipun kados déné dhawuh ingkang wekasan nalika badhé pipisahan kaliyan para mengsah ingkang ambek siya. Mengsah sami dipun icipaken siksa, lan dipun paringi wilasa malih, nanging siksa lan wilasa wau boten nabeti punapa-punapa dhateng piyambakipun, wangsul tetep dados tiyang awon kados ingkang sampun-sampun kémawon. Pranyata punika pasaksèn ingkang cetha bilih surat punika wahyu ingkang akhir, sarta pamanggihipun Imam Sayuthi wau sajakipun kekah waton-watonipun.

Ingkang kawarsitakaken

Rèhning surat punika kados déné dhawuh pamungkas wigatos paring pitutur ingkang saé, sarta rèhning surat punika sawarni amedharaken kalayan antep kabegjanipun para angèstu, mila sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih surat punika dados sambetipun ingkang trepmathis golonganing surat-surat ingkang ngrembag kamenanganipun Islam ingkang ageng ing wekdal ingkang badhé dhateng. Pancèn inggih, sajakipun surat punika taksih nglajengaken bab ingkang karembag wonten ing surat ingkang sampun, sarta inggih awit saking punika déné ing ruku' ingkang sapisan kabegjanipun para mukminin kasabdakaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang lan ceplos, ingkang lajeng kasambetan malih ruku' kakalih sanèsipun ingkang nyebutaken kabegjan saminipun punika ingkang tumrap para nabi ingkang rumiyin-rumiyin. Ruku' ingkang kaping sakawan mangandikani kula sami, bilih lalampahanipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. punika menggah ing sajatos-jatosipun ngambali malih lalampahanipun para andika nabi ingkang sampun-sampun. Wahyuning Pangéran ingkang ageng saha ingkang wekasan piyambak dados sanjata pamungkas kanggé ambrastha kamusyrikan (panembah-pangéran-kathah), sarta kados déné ingkang kacetha wonten ing ruku' ingkang kaping gangsal, ingkang makaten wau sajatosipun ateges anggènipun para musyrik piyambak nganggep lepat dhateng kamusyrikanipun. Ruku' ingkang kaping nem mungkasi rembag bab prakawis punika sarana anerangaken bilih para titiyang duraka sami badhé kaduwung dhateng pandamelipun ingkang sampun katindakaken kalayan sakajeng-kajengipun punika.

RUKU' 1

Kabegjanipun para angèstu

1-11. Para angèstu ingkang sajati sarta kabegjanipun. 12-14. Kamajengan ruhani dipun cocogaken kaliyan kamajengan jasmani. 15, 16. Gesang sasampunipun pejah. 17-22. Paparingipun Pangéran ingkang gumelar ing jagad minangka pasaksènipun paparing ruhani.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
	1 Temen begja para wong kang angèstu,[1712]	قَدْ اَفْلَحَ الْمُؤْمِنُوْنَ ۝١
	2 Kang padha konjem ing dalem salaté,	الَّذِيْنَ هُمْ فِيْ صَلَاتِهِمْ خٰشِعُوْنَ ۝٢
	3 Lan kang padha sumingkir saka sabarang kang tanpa guna,	وَالَّذِيْنَ هُمْ عَنِ اللَّغْوِ مُعْرِضُوْنَ ۝٣
Ut. *dadi wong kang awèh zakat*	4 Sarta kang padha *tumindak tumuju ing kasucian*,[1713]	وَالَّذِيْنَ هُمْ لِلزَّكٰوةِ فٰعِلُوْنَ ۝٤

1712. Kalih surat ingkang sampun, binukan kalayan pèpènget badhé dhumawahipun pancasan ingkang sampun mèh kalampahan. Minangka sambetipun ingkang mathis: surat punika binukan ngundhangaken kamenanganipun para angèstu, jalaran saged kémawon kalampahan, tiyang duraka angsal siksa, nanging tanpa anguwohaken saé tumrap para angèstu. Kanggé angicalaken semang-semang ingkang kados makaten wau, ing ngriki kasebutaken, bilih nadyan ing gesang sapunika punika ugi, para mukminin mesthi badhé begja. Déné mila قد افلح ngagem *fi'il madli* (tembung kriya ingkang nedahaken tandang ingkang sampun rampung katindakaken ing wekdal ingkang sampun kapengker), punika kanggé anedahaken, bilih boten kénging boten mesthi badhé kalampahan saèstu, kados déné ing tembung اتى امر الله ing 16: 1 bab siksanipun para titiyang kafir. Bab prakawis warni kalih punika mesthi kalampahanipun, sampun boten kénging boten, milanipun wongsal-wangsul kadhawuhaken kados déné barang ingkang sampun kalampahan.

1713. Tembungipun dhawuh ing ngriki للزكوة فاعلون ing mangka ing sagembleng-ipun Quran Suci, saben anyebataken *zakat* ingkang mengku teges *sidkah* utawi *zakat (sidhekah wajib*), ukaranipun dhawuh mungel يؤتون الزكوة *ing ngriku tembung zakat* dados lésan. Awit saking punika aksara *lam* ing ngriki kedah dipun suraos kanggé anedahaken *tuju* lan *sedya* (Rgh, TA-LL), déné tembung *zakat*, dipun wangsulaken. dhateng tegesipun ingkang wantah, inggih punika kasucian (rimbagan saking tembung *zakâ*, jawinipun *suci*). Teges punika ugi dados tegesipun tembung wau wonten ing panggénan sanès ing Quran Suci, kadosta ing dhawuh حنانا من لدنا وزكوة ing 19: 13, jawinipun: "budi welas saka ngarsa-Ningsun apa déné *kasucian*." Nanging kedah dipun pèngeti, mila teges punika ingkang dipun pilih, punika mligi namung sabab mirid dhapukaning ukara, boten teka sabab saking *zakat* (*sidhekah* utawi *zakat*) punika dèrèng kadhawuhaken jaman Makkah (kados pangintenipun sawenèh ngulami), jer surat punika katurunaken ing Makkah. *Shalat*, utawi *sembahyang*, inggih punika netepi wajib ingkang dhateng Gusti Allah, tuwin *zakât*, utawi *sidhekah*

5 Tuwin kang padha rumeksa ing kawirangané,[1714]

وَالَّذِيْنَ هُمْ لِفُرُوْجِهِمْ حٰفِظُوْنَ ۙ ٥

6 Kajaba tumrap marang bojoné utawa kang kadarbé ing tangané tengen, amarga sayekti iku padha dudu cacad,[1715]

اِلَّا عَلٰٓى اَزْوَاجِهِمْ اَوْ مَا مَلَكَتْ اَيْمَانُهُمْ فَاِنَّهُمْ غَيْرُ مَلُوْمِيْنَ ۚ ٦

7 Ananging sapa sing mamrih saliyané iku, lah iku wong kang padha mlangkah wates;

فَمَنِ ابْتَغٰى وَرَاۤءَ ذٰلِكَ فَاُولٰۤىِٕكَ هُمُ الْعٰدُوْنَ ۚ ٧

8 Lan kang padha anjaga marang kang dipracayakaké ing awaké apa déné (marang) janjiné.

وَالَّذِيْنَ هُمْ لِاَمٰنٰتِهِمْ وَعَهْدِهِمْ رٰعُوْنَ ۙ ٨

9 Sarta kang padha rumeksa marang salaté;

وَالَّذِيْنَ هُمْ عَلٰى صَلَوٰتِهِمْ يُحَافِظُوْنَ ۘ ٩

10 Yaiku wong kang padha dadi waris,

اُولٰۤىِٕكَ هُمُ الْوٰرِثُوْنَ ۙ ١٠

11 Kang bakal padha maris Suwarga; ana ing kono olèhé bakal padha manggon.

الَّذِيْنَ يَرِثُوْنَ الْفِرْدَوْسَ ۗ هُمْ فِيْهَا خٰلِدُوْنَ ١١

---

wajib, inggih punika netepi wajib ingkang dhateng sasami, punika wonten ing dhawuh ingkang tumurunipun nalika jaman wiwitan tuwin ing dhawuh ingkang tumurunipun nalika jaman ingkang kantun-kantun, dados tatalesipun Islam kakalih; déné ingkang katurunaken ing Madinah punika namung riricikanipun pranatan *zakât*.

1714. *Furûj*, *jama'*-ipun tembung *farj*, tegesipun *péranganing badanipun tiyang ingkang manawi kawedharaken saru* (Msb, Q-LL). Milanipun: حفظ الفرج punika limrahipun ateges mekak *hawa nafsu*.

1715. Tembung او ما ملكت ايمانهم ingkang wonten ing jarwan kasebut nginggil dipun lugokaken tegesipun, punika adatipun dipun tegesi *abdi* utawi *kawula réncang tumbasan*. Tiyang Islam, jalera èstria, wonten ing ngajengipun tiyang sanès, ingawisan boten kénging amedharaken péranganing badan ingkang pundi kémawon, ingkang saru tiningalan. Nanging boten kétang sakedhik inggih dipun paringi kamardikan, inggih punika tiyang èstri tumrap wonten ing ngajengipun ingkang jaler (lakinipun) tuwin ing ngajengipun para réncang-réncangipun èstri, tiyang jaler wonten ing ngajengipun ingkang èstri (rabinipun) tuwin wonten ing ngajengipun réncang-réncangipun jaler. Miturut pahamipun Islam bab tatakrama, ngliga péranganing badan kados lekasipun para èstri bangsa Éropah, kados déné tatacaranipun ingkang limrah katindakaken manawi wonten ing pasamuwan-pasamuwan ageng tuwin ing papan titingalan (theatre), punika boten dipun parengaken. Perlu dipun pèngeti, bilih surat punika wahyu ingkang tumurun ing Makkah, déné syarat-syarat kéngingipun réncang tumbasan èstri dipun pendhet sémah, punika kadhawuhaken ing sapengkeripun punika, ing Madinah (mirsanana 561), milanipun manawi ingkang kakarsakaken ing pangandika punika bab prakawis *saresmi*' idin ingkang mungel: *kang kadarbé ing tangané tengen*, punika kedah kasuraos teluk dhateng syarat-syarat ing 4: 25. Prayogi ugi dipun wewahi katerangan, bilih èstri tumbasan punika manawi kapendhet sémah, boten angsal hak-hak kados déné hak. hakipun sémah ingkang asli tiyang èstri mardika, milanipun sémah réncang èstri tumbasan wau kapangandikakaken kalayan kasilahaken piyambak.

12 Lan sayekti temen Ingsun wus anitahaké manusa saka sarining lemah;[1716]

وَلَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ مِنْ سُلٰلَةٍ مِّنْ طِيْنٍ ﴿١٢﴾

13 Tumuli iku Ingsun dadèkaké wijining urip ana sajroning papan kang kukuh.

ثُمَّ جَعَلْنٰهُ نُطْفَةً فِيْ قَرَارٍ مَّكِيْنٍ ﴿١٣﴾

14 Tumuli wijining urip iku Ingsun dadèkaké getih kang kenthel, banjur getih kenthel iku Ingsun dadèkaké daging saereb, banjur (ing sajroning) daging saereb iku Ingsun dadèkaké babalung, banjur balung iku Ingsun busanani daging, tumuli iku Ingsun thukulaké dadi titah séjéné; lah Mahabarkah Allah iku, Becik-beciking Dhat Ingkang-Anitahaké.[1717]

ثُمَّ خَلَقْنَا النُّطْفَةَ عَلَقَةً فَخَلَقْنَا الْعَلَقَةَ مُضْغَةً فَخَلَقْنَا الْمُضْغَةَ عِظٰمًا فَكَسَوْنَا الْعِظٰمَ لَحْمًا ثُمَّ أَنْشَأْنٰهُ خَلْقًا اٰخَرَ فَتَبٰرَكَ اللّٰهُ أَحْسَنُ الْخٰلِقِيْنَ ﴿١٤﴾

15 Tumuli, sawusé mangkono iku, sayekti sira temen bakal padha mati.

ثُمَّ إِنَّكُمْ بَعْدَ ذٰلِكَ لَمَيِّتُوْنَ ﴿١٥﴾

16 Tumuli, ing dina kiyamat, sayekti sira bakal ditangèkaké

ثُمَّ إِنَّكُمْ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ تُبْعَثُوْنَ ﴿١٦﴾

17 Lan sayekti, temen Ingsun wus andadèkaké ana ing dhuwurira dadalan pitu; lan ora pisan Ingsun bakal léna marang titah iku.[1718]

وَلَقَدْ خَلَقْنَا فَوْقَكُمْ سَبْعَ طَرَآئِقَ وَمَا كُنَّا عَنِ الْخَلْقِ غٰفِلِيْنَ ﴿١٧﴾

1716. Ing ngriki tumitahipun manusa punika dipun urut ngantos dumugi siti, inggih punika saking sarining siti, amargi wijining gesang ingkang wonten ing tirta pulanghiyun makaten sarining tedha, ingkang asalipun saking siti, sanajan awujud punapa kérnawon. Kedah dipun pèngeti, bilih sadasa ayat ingkang rumiyin, punika ingkang dipun pangandikakaken bab tumuwuhing ruhaniyahipun manusa, déné bab tumuwuhing jasmaniyahipun manusa, kapangandikakaken wonten ing ayat ngriki. Dados ingkang makaten wau ateges namtokaken tatandhingan antawising tumuwuhipun jasmani lan ruhani.

1717. Tataran warni-warni tumrap tumuwuhing jabang bayi anakipun manusa, ingkang kagelaraken wonten ing ngriki, punika cocog sanget kaliyan panaliti-priksanipun kawruh. Namung kémawon kedah dipun èngeti bilih aksara *fa*, tegesipun *tumuli,* kados déné ingkang kagem wonten ing dhawuh: *banjur babalung iku Ingsun busanani* ...... punika boten mesthi mengku suraos urutan-urutan Ingkang makaten punika sampun kacetha wonten ing sasambetanipun dhawuh, ingkang anebutaken bilih ingkang rumiyin daging saereb, lajeng babalung ingkang rumiyin piyambak thukul wonten ing daging ngriku.

1718. Ing ngriki boten *langit pipitu. nanging dadalan pitu*. Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih punika buwengan lampahipun planet-planet warganing zonnestelsel, kajawi bumi ingkang kita enggèni punika. Punika anedahaken bilih tembung langit, punika kagemipun wonten

18 Lan Ingsun anurunaké banyu saka ing mendhung kalawan sataker; banjur iku Ingsun enggonaké jeroning bumi; lan sayekti Ingsun iki temen kawasa ambirat marang iku.

وَأَنزَلْنَا مِنَ السَّمَاءِ مَاءً بِقَدَرٍ
فَأَسْكَنَّاهُ فِي الْأَرْضِ ۖ وَإِنَّا عَلَىٰ
ذَهَابٍ بِهِ لَقَادِرُونَ ﴿١٨﴾

19 Banjur iku Ingsun anggo anukulaké pakebonan kurma lan anggur tumrap marang sira; ing kono sira olèh wowohan akèh sarta iku padha sira pangan;

فَأَنشَأْنَا لَكُم بِهِ جَنَّاتٍ مِّن نَّخِيلٍ
وَأَعْنَابٍ لَّكُمْ فِيهَا فَوَاكِهُ كَثِيرَةٌ
وَمِنْهَا تَأْكُلُونَ ﴿١٩﴾

20 Sarta wit kang tuwuh saka ing Gunung Sina, kang angetokaké lenga, sarta minangka bumbu tumrap wong kang padha mangan.[1719]

وَشَجَرَةً تَخْرُجُ مِن طُورِ سَيْنَاءَ تَنبُتُ
بِالدُّهْنِ وَصِبْغٍ لِّلْآكِلِينَ ﴿٢٠﴾

21 Lan sayekti, tumrap ing sira, ing sajroning raja-kaya iku temen ana wuwulangé; Ingsun aparing ombèn-ombèn marang sira, arupa barang kang ana ing sajroning wetengé, sarta ing kono ana piguna akèh tumrap ing sira, apa déné iku padha sira pangan,

وَإِنَّ لَكُمْ فِي الْأَنْعَامِ لَعِبْرَةً ۖ نُّسْقِيكُم
مِّمَّا فِي بُطُونِهَا وَلَكُمْ فِيهَا مَنَافِعُ
كَثِيرَةٌ وَمِنْهَا تَأْكُلُونَ ﴿٢١﴾

Ar. *diemot*

22 Lan sira padha *nunggang* dhèwèké lan ing prau.

وَعَلَيْهَا وَعَلَى الْفُلْكِ تُحْمَلُونَ ﴿٢٢﴾

RUKU' 2

Kamenanganipun Nabi Nuh

23-29. Nabi Nuh dipun emohi sarta kasagahan badhé luwaripun. 30-32. Nabi sanès kautus, ayahan ingkang dipun emban sami.

a. 901

23 Lan sayekti, temen Ingsun wus angutus Nabi Nuh[a] marang bangsané; tumuli acalathu:

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا نُوحًا إِلَىٰ قَوْمِهِ فَقَالَ

ing Quran Suci kalayan mengku teges warni-warni. Ateges samukawis ingkang wonten ing nginggil; ateges mendhung; ateges laladan ing nginggil; ateges planet-planetipun zonnestelsel; ateges bawengan lampahipun planet-planet wau; ateges sagemblenging titah bangsanipun lintang kados ingkang katingal ing mripat.

1719. Wit ingkang tuwuh saking Redi Sina, tuwin ingkang angedalaken lisah, punika sajakipun mengkukarsa nyebutaken *lisah zaitun ingkang binarkahan* ing 24: 35, inggih punika ingkang minangka candranipun umat Islam (kula aturi mirsani 1757).

É, bangsaku! Padha angabdia ing Allah; sira ora duwé sesembahan saliyané Panjenengané; apa ta sira ora bakal padha anjaga dhiri (saka ing ala).

يٰقَوْمِ اعْبُدُوا اللّٰهَ مَا لَكُمْ مِّنْ اِلٰهٍ
غَيْرُهٗ ۗ اَفَلَا تَتَّقُوْنَ ﴿٢٣﴾

24 Para panggedhéning bangsané kang padha kafir banjur calathu: Iki ora liya mung wong sapadhamu, karepé arep angungkuli kowé kabèh, lan lamun Allah angarsakna, amasthi anurunaké malaikat. Prakara iki, ing antarané, bapak-bapakku dhèk jaman biyèn-biyèn, aku padha ora ngrungu:

فَقَالَ الْمَلَؤُا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ قَوْمِهٖ
مَا هٰذَآ اِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ ۙ يُرِيْدُ اَنْ
يَّتَفَضَّلَ عَلَيْكُمْ ۗ وَلَوْ شَآءَ اللّٰهُ لَاَنْزَلَ
مَلٰٓئِكَةً ۖ مَّا سَمِعْنَا بِهٰذَا فِيْٓ اٰبَآئِنَا
الْاَوَّلِيْنَ ﴿٢٤﴾

25 Dhèwèké iki ora liya kajaba wong *owah*, mulané padha sarantèkna nganti sawatara lawasé.

Ut. *kranjingan*

اِنْ هُوَ اِلَّا رَجُلٌۢ بِهٖ جِنَّةٌ فَتَرَبَّصُوْا
بِهٖ حَتّٰى حِيْنٍ ﴿٢٥﴾

26 Dhèwèké munjuk: Dhuh, Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing pitulung ing kawula saking anggènipun sami anggorohaken ing kawula.

قَالَ رَبِّ انْصُرْنِيْ بِمَا كَذَّبُوْنِ ﴿٢٦﴾

27 Tumuli Ingsun aparing wewedhar marang dhèwèké, pangandika-Ningsun: Gawéa prau, kalawan Ingsun-*jenengi* sarta (miturut) wedharing sabda-Ningsun; lah samangsa paréntah-Ingsun wus tumeka sarta banyu metu saka ing jujurang,[a] banjur anjupuka sarupaning barang (kang perlu) nyajodho lebokna mrono,[b] mangkono uga kulawarganira, kajaba sapa kang wus katiban sabda ing sadurungé, sarta aja munjuk marang Ingsun prakara para kang padha atindak dudu; sayekti dhèwèké iku bakal padha kinelem.

Ar. *tingali*

a. 1178

b. 1179
1180

فَاَوْحَيْنَآ اِلَيْهِ اَنِ اصْنَعِ الْفُلْكَ
بِاَعْيُنِنَا وَوَحْيِنَا فَاِذَا جَآءَ اَمْرُنَا
وَفَارَ التَّنُّوْرُ ۙ فَاسْلُكْ فِيْهَا مِنْ
كُلٍّ زَوْجَيْنِ اثْنَيْنِ وَاَهْلَكَ اِلَّا مَنْ
سَبَقَ عَلَيْهِ الْقَوْلُ مِنْهُمْ ۚ وَلَا تُخَاطِبْنِيْ
فِى الَّذِيْنَ ظَلَمُوْا ۚ اِنَّهُمْ مُّغْرَقُوْنَ ﴿٢٧﴾

28 Lah samangsa sira wus mapan lungguhira ing prau, sira lan

فَاِذَا اسْتَوَيْتَ اَنْتَ وَمَنْ مَّعَكَ عَلَى

kanthinira, banjur munjuka: Sadaya pangalembana sadaya kagunganipun Allah, Ingkang milujengaken kawula saking golongan ingkang atindak dédé:

الْفُلْكِ فَقُلِ الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي نَجَّانَا مِنَ الْقَوْمِ الظَّالِمِينَ ٢٨

29 Sarta munjuka: Pangéran kawula, mugi Tuwan angudhunaken kawula kalayan mudhun ingkang binarkahan, lan Tuwan punika Saésaénipun ingkang angudhunaken.

وَقُل رَّبِّ أَنزِلْنِي مُنزَلًا مُّبَارَكًا وَأَنتَ خَيْرُ الْمُنزِلِينَ ٢٩

30 Sayekti, temen ana tandha-tandha ing dalem (lalakon) iki, sarta sayekti Ingsun iki tansah aparing coba (marang manusa).

إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ وَإِن كُنَّا لَمُبْتَلِينَ ٣٠

31 Tumuli, ing sapungkuré dhèwèké, Ingsun anukulaké umat liya.

ثُمَّ أَنشَأْنَا مِن بَعْدِهِمْ قَرْنًا آخَرِينَ ٣١

32 Banjur, ing kono, Ingsun angutus sawijining utusan, unusan saka *ing kono*, calathuné: Padha angabdia ing Allah, sira ora duwé sesembahan saliyané Panjenengané: lah apa ta sira padha ora anjaga dhiri (saka ing ala)?

Ut. *dhèwèké*
Ut. *antarané*

فَأَرْسَلْنَا فِيهِمْ رَسُولًا مِّنْهُمْ أَنِ اعْبُدُوا اللَّهَ مَا لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرُهُ أَفَلَا تَتَّقُونَ ٣٢

RUKU' 3

Para nabi sapengkeripun Nabi Nuh

33-41. Para ingkang mengsahi, lebur. 42-44. Umat sanès gumantos ing pandumipun. 45-49. Nabi Musa kaliyan Fir'aun. 50. Enggèn pangungsèn kaparingaken dhateng Nabi 'Isa kaliyan ibunipun.

33 Lan para panggedhéning bangsané kang padha kafir lan anggorohaké marang sapatemon ing akhirat, apa déné Ingsun paringi kabungahan lubèr-lubèr ing kauripan donya iki, padha calathu: iki ora liya kajaba uwong sapadhamu, mangan apa sing padha kopangan sarta ngombé apa sing padha koombé;[1720]

وَقَالَ الْمَلَأُ مِن قَوْمِهِ الَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِلِقَاءِ الْآخِرَةِ وَأَتْرَفْنَاهُمْ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا مَا هَٰذَا إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يَأْكُلُ مِمَّا تَأْكُلُونَ مِنْهُ وَيَشْرَبُ مِمَّا تَشْرَبُونَ ٣٣

1720. Milanipun para andika nabi dipun pilawani, punika sabab panjenenganipun punika ing dalem

34 Lan manawa kowé padha ambangun turut wong sapadhamu, lah amasthi kowé dadi wong kapitunan:

وَلَئِنْ أَطَعْتُمْ بَشَرًا مِّثْلَكُمْ إِنَّكُمْ إِذًا لَّخٰسِرُونَ ﴿٣٤﴾

35 Apa ta dhèwèké angancam ing kowé, manawa nalikané kowé wis dadi lemah karo balung, iku kowé bakal padha diwetokaké?

أَيَعِدُكُمْ أَنَّكُمْ إِذَا مِتُّمْ وَكُنْتُمْ تُرَابًا وَّعِظَامًا أَنَّكُمْ مُّخْرَجُونَ ﴿٣٥﴾

36 Adoh banget, adoh banget apa kang diancamaké marang kowé iku:

هَيْهَاتَ هَيْهَاتَ لِمَا تُوعَدُونَ ﴿٣٦﴾

37 Ora liya sing ana iku kajaba mung kauripanku ing donya iki, aku iki kabèh padha mati lan padha urip lan ora bakal aku padha ditangèkaké:

إِنْ هِيَ إِلَّا حَيَاتُنَا الدُّنْيَا نَمُوتُ وَنَحْيَا وَمَا نَحْنُ بِمَبْعُوثِينَ ﴿٣٧﴾

38 Dhèwèké iku ora liya kajaba mung uwong, kang agawé-gawé panggorohan ing Allah, sarta aku ora bakal padha angèstu marang dhèwèké.

إِنْ هُوَ إِلَّا رَجُلٌ ٱفْتَرَىٰ عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا وَّمَا نَحْنُ لَهُ بِمُؤْمِنِينَ ﴿٣٨﴾

39 Dhèwèké munjuk: Dhuh Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing pitulung ing kawula, amargi piyambakipun sami anggorohaken ing kawula.

قَالَ رَبِّ انْصُرْنِي بِمَا كَذَّبُونِ ﴿٣٩﴾

babagan kabetahanipun manusa, teluk dhateng angger- anggering kudrat, sami kémawon kados déné manusa sanès-sanèsipun. Nyata sampun boten wonten semang semangipun malih santolan makaten wau pancèn inggih pikantuk, manawi kanggé mancahi utawi mabeni tiyang ingkang ngaken dados Allah. Nanging rèhning para andika nabi punika inggih manusa, milanipun manawi para andika nabi wau inggih teluk dhateng angger-anggering kudrat ingkang mangrèh dhateng manusa sanès-sanèipun, nama sampun samesthinipun. Sintena kémawon boten kénging kanggé tepa-tuladhanipun manusa, manawi piyambakipun punika sanès bangsaning manusa, sarta boten teluk dhateng angger-anggering kudrat, kados manusa sanès-sanèsipun; jalaran ngemungaken tiyang kémawon, ingkang saged nedahaken margi dhateng para manusa, inggih punika sarana ngawaki piyambak lumampah wonten ing margi wau, dadosipun ingkang makaten wau dumunung anedahaken, kados pundi sagedipun para manusa punika boten dados bandhanganing kasèkènganipun kudrating manusa. Dados awit saking punika, “Pangéran manjalma” utawi “Allah ingkang madhag asarira manusa,” punika boten kénging dipun anggé tepa-tuladha tumrap para manusa, boten prabéda lan manusa, punika inggih boten kénging dipun anggé tepa-tuladha tumrap kapal utawi segawon. Manawi Yesus punika suci ing dosa margi panjenenganipun punika Allah, saèstu panjenenganipun punika boten kénging kanggé tepa-tuladha tumrap kula sami ingkang sanès Allah punika. Ingkang kula betahaken inggih punika: tiyang, bangsaning manusa, ingkang anedahaken dhateng kula sami, kados pundi sagedipun kula sadaya sami nyingkiri luwangan-luwangan, ingkang ngepang-wakul kula sadaya “sebagai”manusa.

قَالَ عَمَّا قَلِيلٍ لَّيُصْبِحُنَّ نَادِمِينَ ﴿٤٠﴾

40 Panjenengané angandika: Sadhéla engkas, amasthi dhèwèké temen bakal padha kaduwung.

فَأَخَذَتْهُمُ الصَّيْحَةُ بِالْحَقِّ فَجَعَلْنَاهُمْ غُثَاءً ۚ فَبُعْدًا لِّلْقَوْمِ الظَّالِمِينَ ﴿٤١﴾

41 Banjur pidana anibani dhèwèké kalawan bener, tumuli padha Ingsun dadèkaké (lesah anggelesah) kaya sarah; mulané sirnaa bangsa kang atindak dudu![1721]

ثُمَّ أَنشَأْنَا مِن بَعْدِهِمْ قُرُونًا آخَرِينَ ﴿٤٢﴾

42 Tumuli, ing sapungkuré, Ingsun anukulaké umat liya-liyané.

مَا تَسْبِقُ مِنْ أُمَّةٍ أَجَلَهَا وَمَا يَسْتَأْخِرُونَ ﴿٤٣﴾

43 Ora ana umat kang bisa angajokaké wayahé kang wus tinamtu, ngunduraké uga ora bisa.

ثُمَّ أَرْسَلْنَا رُسُلَنَا تَتْرَا ۖ كُلَّ مَا جَاءَ أُمَّةً رَّسُولُهَا كَذَّبُوهُ ۚ فَأَتْبَعْنَا بَعْضَهُم بَعْضًا وَجَعَلْنَاهُمْ أَحَادِيثَ ۚ فَبُعْدًا لِّقَوْمٍ لَّا يُؤْمِنُونَ ﴿٤٤﴾

Ar. *utusané*

44 Tumuli Ingsun angutus para utusan-Ingsun agenti-genti; saben *utusan* teka marang sawijining umat, iku digorohaké, dadiné Ingsun tumurunaké sawenèh ing sawenèhé sarta dhèwèké Ingsun dadèkaké carita; mulané sirnaa umat kang ora angèstu![1722]

ثُمَّ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ وَأَخَاهُ هَارُونَ بِآيَاتِنَا وَسُلْطَانٍ مُّبِينٍ ﴿٤٥﴾

Ar. *kalawan*

45 Tumuli Ingsun angutus Musa karo saduluré, Harun, *angemban* timbalan-timbalan-Ingsun tuwin wisésa kang terang.

إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَمَلَئِهِ فَاسْتَكْبَرُوا وَكَانُوا قَوْمًا عَالِينَ ﴿٤٦﴾

46 Marang Fir'aun dalah para gedhé-gedhéné, ananging padha gumedhé sarta dhèwèké iku bangsa kang kumaluhur-luhur.

1721. Margi wontenipun tembung *Shaihah* ing ayat punika, kathah para ngulami ingkang lajeng gadhah pamanggih, bilih ayat 33-41 ing ruku' punika mengku suraos nyebutaken Kanjeng Nabi Hud utawi Kanjeng Nabi Salih. Nanging kaèngetana bilih tembung *Saihah,* punika tegesipun *siksa* (LL), sarta sogad-saged kémawon kanggé anembungaken siksa ingkang sarana lindhu punapa sarana sanès-sanèsipun. Miturut urut-urutaning jamanipun nabi-nabi ingkang kasebutaken ing surat ingkang kaping pitu, sapengkeripun Kanjeng Nabi Nuh punika Kanjeng Nabi Hud, déné umatipun Kanjeng Nabi Hud wau,i.p. kaum 'Ad, punika kalebur déning prahara wedhi. Milanipun tembung *shaihah* wau kula tegesi *pidana.*

1722. Dipun dadosaken cariyos, punika tegesipun: ing sasirnanipun para titiyang wau ingkang kocap lan ingkang dados pangémut-émut boten wonten sanès kajawi namung cariyos nasib cilaka ingkang kasandhang déning para titiyang wau.

47 Banjur padha calathu: Apa ta aku arep padha angèstu marang wong loro, padhané aku, kang mangka bangsané sakaroné iku padha angabdi marang aku?

فَقَالُوٓا أَنُؤْمِنُ لِبَشَرَيْنِ مِثْلِنَا وَقَوْمُهُمَا لَنَا عٰبِدُونَ ﴿٤٧﴾

Ut. *digorohi*

48 Mulané sakaroné padha *di-emohi*, sarta dhèwèké padha dadi éwoning wong kang padha linebur.

فَكَذَّبُوهُمَا فَكَانُوا مِنَ الْمُهْلَكِينَ ﴿٤٨﴾

49 Lan sayekti temen Ingsun wus aparing Kitab marang Musa, supaya dhèwèké padha anurut dalan bener.

وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوسَى الْكِتٰبَ لَعَلَّهُمْ يَهْتَدُونَ ﴿٤٩﴾

50 Lan Ingsun andadèkaké anak lanangé Maryam karo ibuné dadi tandha sarta sakaroné Ingsun ungsèkaké marang tanah dhuwur, kang mawa bubulak lan sumber-sumberan.[1723]

وَجَعَلْنَا ابْنَ مَرْيَمَ وَأُمَّهٗٓ اٰيَةً وَّاٰوَيْنٰهُمَآ اِلٰى رَبْوَةٍ ذَاتِ قَرَارٍ وَّمَعِيْنٍ ﴿٥٠﴾

1723. Tanah ingkang kapangandikakaken ing ayat punika, dados rembag ingkang ramé. *Rabwah* punika *tanah ingkang inggil*, déné *qarâr* tegesipun *pasitèn ingkang kénging dipun wedalaken asilipun* tuwin *panggènan ingkang wonten toyanipun megung wonten ing bubulak ingkang andhap* (TA-LL). Sawenèh wonten ingkang mastani, bilih tanah wau nagari Yèrusalèm, utawi Mesir, utawi Palestina, utawi Syam (Damaskus). Nanging nagari-nagari wau boten wonten ingkang nocogi kaliyan sisifatanipun ingkang kadhawuhaken ing ngriki. Déné ingkang ngepleki namung tanah Kasymir. Pancer Israil sadasa, sapérangan ugi pinanggih wonten ing Kasymir. Kathah kitha-kitha alit lan dhusun-dhusun ing Kasymir ngriku, ingkang nganggé namanipun khita-khita alit tuwin dhusun-dhusun ing Palestina. Pasaréan ingkang wonten ing margi ageng Khanyar (Khan Yar street), ing kitha karajan Kasymir, ingkang misuwuripun winastan pasarèanipun Nabi Sahib (jawinipun: Kanjeng Nabi), utawi Isa Sâhib (i.p Kanjeng Nabi Isa), utawi Yus Asaf Nabi (i.p. Kanjeng Nabi Yus Asaf), punika ugi ngiyataken pamanggih punika. Anggènipun surat punika piyambak ngrembag bab menangipun ingkang wekasan para andika nabi tuwin para pandhèrèkipun, punapa déné wilujengipun saking tanganing mengsah-mengsahipun, punika ugi saged suka ular-ular kanggé ngwudhari lalampahan ingkang taksih peteng bab prakawis icalipun Kanjeng Nabi ‘Isa; awit kados déné ingkang sampun katerangaken ing 645, Kanjeng Nabi ‘Isa punika boten séda wonten ing kajeng palang. Lah ayat punika nerangaken, bilih ing sasampunipun panjenenganipun dipun wilujengaken saking tanganing mengsah-mengsahipun, panjenenganipun lajeng kaparingan pangungsèn wonten ing sawènèhing panggènan sanès. Katerangan bab kawontenanipun panggènan wau kados ingkang kadhawuhaken ing ayat punika, punika manawi dipun jèjèr kaliyan kawontenan ingkang pinanggih. ing Kasymir, inggih punika pasarèan, ingkang manawi manut pasaksèn ingkang pinanggih sadaya sami anedahaken bilih pasarèan wau pasarèanipun Kanjeng Nabi ’lsa, punika lajeng anuwuhaken pupuntoning pamanggih, bilih inggih tanah Kasymir wau ingkang dipun karsakaken ing ayat punika. Déné bab prakawis pasarèan wau, pasaksèn ing ngandhap punika anedahaken bilih tiyang suci ingkang sumaré wonten ngriku punika boten sanès kajawi Kanjeng Nabi ’Isa. (a). Pasaksèn gethok-tular ingkang awawaton riwayat ingkang lumunta turun-maturun (tradition) gadhahanipun titiyang Kasymir nyariyosaken, bilih pasarèan wau pasarèanipun satunggaling tiyang ingkang asmanipun Yus Asaf, ingkang misuwuripun satunggaling nabi. Sarta ingkang rawuh saking tanah kilèn nalika watawis 2000 taun kapengker. (b). Kitab Târikh-I-.A’zami, inggih punika

RUKU' 4

Angambali lalampahanipun para Nabi

51-56. Katulusanipun para Nabi; tiyang ingkang angalang-alangi. 57-61. Tetengeripun mukmin sajati. 62-70. Anggèning angalang-langi badhé cabar. 71-74. Angajengi kasunyatan punika badhé andadosaken luhur. 75-77. Puguh angemohi masthi badhé andhatengakaken pidana ingkang keras.

يٰٓاَيُّهَا الرُّسُلُ كُلُوْا مِنَ الطَّيِّبٰتِ وَاعْمَلُوْا صَالِحًا ۗ اِنِّيْ بِمَا تَعْمَلُوْنَ عَلِيْمٌ ﴿٥١﴾

51 É, para utusan! padha mangana barang apik sarta padha anglakonana panggawé becik; sayekti Ingsun iki marang sabarang kang padha sira lakoni angudanèni.

Ut. *Agama-nira, agama*

وَاِنَّ هٰذِهٖٓ اُمَّتُكُمْ اُمَّةً وَّاحِدَةً وَّاَنَا رَبُّكُمْ فَاتَّقُوْنِ ﴿٥٢﴾

52 Lan sayekti *umatira* iki *umat* siji lan Ingsun iki Pangéranira; mulané dibecik rumeksanira (ing wajibira) marang Ingsun,

Ar. *pecah belah dadi panthan-panthan*

فَتَقَطَّعُوْٓا اَمْرَهُمْ بَيْنَهُمْ زُبُرًا ۗ كُلُّ حِزْبٍۢ بِمَا لَدَيْهِمْ فَرِحُوْنَ ﴿٥٣﴾

53 Ananging dhèwèké *padha medhot prakarané ing antarané dhèwèké dadi panthan-panthan*, siji-sijining papanthan padha bungah marang apa duwèké.

---

serat babad ingkang dipun karang nalika watawis kalih atus taun kapengker, nerangaken bab pasarèan punika wonten ing kaca 82 makaten: " limrahipun pasarèan punika winastan, pasarèanipun satunggaling nabi. Panjenenganipun punika satunggaling sang pinangéran ingkang rawuh ing Kasymir saking tanah ngamonca .... Asmanipun Yus Asaf." (c). Kitab Ikmâlu-d-Din, satunggaling kitab Arab ingkang sampun umur sèwu taun, ugi nyebutaken Yus Asaf punika sampun nglampahi lalana wonten ing sawenèh nagari-nagari. (d). Tuan Yoseph Yacobs nerangaken, awawaton serat cariyosipun Yus Asaf ingkang wedalan kina sanget, bilih panjenenganipun (Yoasaph) punika ing wasananipun dumugi ing Kasymir, sarta wonten ing ngriku sédanipun ("Barlaam and Yosaphet," kaca CV). Pasaksèn punika anedahaken, bilih pasarèan ing Khan Yâr punika pasarèanipun Yus Asaf. Nanging sinten ta Yus Asaf punika'? Wonten ing riwayat gethok-tular lan wonten ing serat babad, panjenenganipun punika sinebut nabi; punika sampun saged suka putusan kala jaman punapa sugengipun, jalaran titiyang Muslimin boten angakeni wontenipun nabi ingkang rawuh ing sapengkeripun Kanjeng Nabi Suci. Malih, asma Yus lan Yasu' punika sarupi sanget; déne Yasu' punika basa Arabipun Yesus. Ing dalem piwulang-piwulangipun Yus Asaf lan Kanjeng Nabi 'Isa ugi wonten sarupinipun ingkang sanget; upaminipun pasemon juru-nyebar' ingkang kasebut Mat. 13: 3, Mark. 4: 3, tuwin Luk. 8: 5 punika ugi pinanggih wonten ing "Barlaan and Josaphet" (kaca CXI). Wonten malih kawontenan ingkang sakalangkung èlok sanget, inggih punika Yus Asaf namakaken piwulangipun: Busyrâ (Arabipun ingkang plek basa Inggris Gospel utawi basa Walandi Évangelie), kados déné ingkang katerangaken ing "Ikmâlu-d-Din," makaten: "Panjenenganipun lajeng wiwit nyanépak-aken wit wau kaliyan Busyrâ, ingkang dipun wucalaken panjenenganipun dhateng titiyang kathah." Kawontenan punika sadaya dados pipiridan tumrap kula sami namtokaken pupuntoning pamanggih, bilih ing sasampunipun ngalami lalampahan kapenthèng (nanging boten ngantos séda Pen.), Kanjeng Nabi Isa lajeng tindak dhateng Kasymir, salajengipun panjenenganipun mucal wonten ing ngriku, sugeng wonten ing ngriku, saha séda ugi wonten ing ngriku.

Ut. *kabo-dhoan*

54 Mulané karebèn padha ana sajroning *pepeteng* kang anglimputi nganti sawatara lawasé.

فَذَرْهُمْ فِي غَمْرَتِهِمْ حَتَّىٰ حِينٍ ﴿٥٤﴾

55 Apa padha ngira, manawa déning pitulung-Ingsun marang dhèwèké kang arupa bandha lan anak,

أَيَحْسَبُونَ أَنَّمَا نُمِدُّهُم بِهِ مِن مَّالٍ وَبَنِينَ ﴿٥٥﴾

56 Iku Ingsun (banjur) angénggalaké barang becik marang dhèwèké. Ora, dhèwèké ora ngrasa.

نُسَارِعُ لَهُمْ فِي الْخَيْرَاتِ ۚ بَل لَّا يَشْعُرُونَ ﴿٥٦﴾

Ut. *welas*

57 Sayekti, para kang padha *angati-ati* amarga saka wediné ing Pangérané,

إِنَّ الَّذِينَ هُم مِّنْ خَشْيَةِ رَبِّهِم مُّشْفِقُونَ ﴿٥٧﴾

58 Lan para kang padha angèstu marang timbalan-timbalaning Pangérané,

وَالَّذِينَ هُم بِآيَاتِ رَبِّهِمْ يُؤْمِنُونَ ﴿٥٨﴾

59 Sarta para kang ora nyakuthokaké apa-apa kalawan Pangérané,

وَالَّذِينَ هُم بِرَبِّهِمْ لَا يُشْرِكُونَ ﴿٥٩﴾

60 Tuwin para kang padha amèwèhaké apa kang winèwèhaké (dumunung dana), sarta atiné padha geter déné masthi bakal padha bali marang Pangérané,

وَالَّذِينَ يُؤْتُونَ مَا آتَوا وَّقُلُوبُهُمْ وَجِلَةٌ أَنَّهُمْ إِلَىٰ رَبِّهِمْ رَاجِعُونَ ﴿٦٠﴾

61 Iku padha gagancangan ing kabecikan sarta padha dhisik anggoné (éntuk) iku.

أُولَٰئِكَ يُسَارِعُونَ فِي الْخَيْرَاتِ وَهُمْ لَهَا سَابِقُونَ ﴿٦١﴾

Ut. *meksa*

62 Lan Ingsun ora *amerdi-merdi* sawijining jiwa kajaba sakakuwatané, lan ing ngarsa-Ningsun ana kitab, kang ngandhakaké kalawan yakti, sarta dhèwèké ora padha kinaniaya.

وَلَا نُكَلِّفُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا ۖ وَلَدَيْنَا كِتَابٌ يَنطِقُ بِالْحَقِّ ۚ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿٦٢﴾

63 Balik atiné kang padha banget katambuhan marang iki,

بَلْ قُلُوبُهُمْ فِي غَمْرَةٍ مِّنْ هَٰذَا

وَلَهُمْ أَعْمَالٌ مِّن دُونِ ذَٰلِكَ هُمْ
لَهَا عَامِلُونَ ﴿٦٣﴾

sarta saliyané iku dhèwèké duwé panggawé, kang padha dilakoni.

حَتَّىٰ إِذَا أَخَذْنَا مُتْرَفِيهِم بِالْعَذَابِ
إِذَا هُمْ يَجْأَرُونَ ﴿٦٤﴾

64 Nganti samangsané Ingsun amatrapi dhèwèké kang padha angénak-énak uripé kalawan siksa, ing kono (banjur) padha sambat anjaluk tulung.

لَا تَجْأَرُوا الْيَوْمَ ۖ إِنَّكُم مِّنَّا
لَا تُنصَرُونَ ﴿٦٥﴾

65 Aja sira sambat anjaluk tulung ing dina iki; sayekti, *saka Ingsun, sira ora bakal pinaringan pitulung.*

Ut. *sira ora bakal olèh pitulungan amanggulangi Ingsun*

قَدْ كَانَتْ آيَاتِي تُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ
فَكُنتُمْ عَلَىٰ أَعْقَابِكُمْ تَنكِصُونَ ﴿٦٦﴾

66 Temen, timbalan-timbalan-Ingsun wus diwacakaké marang sira, ananging sira tansah malèngos ambalik ing tungkakira.

مُسْتَكْبِرِينَ بِهِ سَامِرًا تَهْجُرُونَ ﴿٦٧﴾

67 Padha rerembugan prakara iku kalawan gumedhé; sira padha *sumingkir adoh.*

Ut. *nyatur ala*

أَفَلَمْ يَدَّبَّرُوا الْقَوْلَ أَمْ جَاءَهُم مَّا
لَمْ يَأْتِ آبَاءَهُمُ الْأَوَّلِينَ ﴿٦٨﴾

68 Lah apa ta dhèwèké padha ora angangen-angen marang dhadhawuh, apa ta wus tumeka marang dhèwèké barang kang ora tumeka marang bapak-bapakné dhèk biyèn?

أَمْ لَمْ يَعْرِفُوا رَسُولَهُمْ فَهُمْ لَهُ
مُنكِرُونَ ﴿٦٩﴾

69 Apa ta padha ora weruh marang Utusané, déné padha teka angemohi marang dhèwèké?

أَمْ يَقُولُونَ بِهِ جِنَّةٌ ۚ بَلْ جَاءَهُم
بِالْحَقِّ وَأَكْثَرُهُمْ لِلْحَقِّ كَارِهُونَ ﴿٧٠﴾

70 Utawa apa ta padha calathu: Dhèwèké kapanjingan dhemit? O, balik tekané marang dhèwèké kalawan angemban kasunyatan, sarta kèh-kèhané dhèwèké iku marang kasunyatan padha gething.

وَلَوِ اتَّبَعَ الْحَقُّ أَهْوَاءَهُمْ لَفَسَدَتِ
السَّمَاوَاتُ وَالْأَرْضُ وَمَن فِيهِنَّ ۚ

71 Lan lamun kasunyatan iku manuta marang pépénginané kang asor, amasthi rusak langit-langit lan bumi sarta sadhéngah kang ana

Ut. *kaluwihan*

Ut. *kaluwihan*

ing kono. Balik Ingsun anekakaké *pépélingé* marang dhèwèké, ananging padha méngo saka *pépélingé.*

بَلْ اَتَيْنٰهُمْ بِذِكْرِهِمْ فَهُمْ عَنْ ذِكْرِهِمْ مُّعْرِضُوْنَ ؕ ﴿۷۱﴾

72 Apa ta sira anjaluk pituwas marang dhèwèké? Lah pituwas saka Pangéranira iku luwih becik, lan Panjenengané iku Becik-beciké kang padha angrijekèni.

اَمْ تَسْـَٔلُهُمْ خَرْجًا فَخَرَاجُ رَبِّكَ خَيْرٌ ۖۗ وَّ هُوَ خَيْرُ الرّٰزِقِيْنَ ﴿۷۲﴾

73 Lan sayekti sira iku temen angajak dhèwèké marang dadalan kang bener.

وَ اِنَّكَ لَتَدْعُوْهُمْ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ﴿۷۳﴾

74 Lan sayekti, para kang padha ora angèstu ing akhirat, iku padha nyimpang saka ing dadalan.

وَ اِنَّ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ عَنِ الصِّرَاطِ لَنٰكِبُوْنَ ﴿۷۴﴾

75 Lan lamun Ingsun angruntuhna wilasa marang dhèwèké sarta ambirata sangsara kang ana ing awaké, amasthi (banjur) andaluya ing dalem pambalasaré, makmakan.

وَ لَوْ رَحِمْنٰهُمْ وَكَشَفْنَا مَا بِهِمْ مِّنْ ضُرٍّ لَّلَجُّوْا فِيْ طُغْيَانِهِمْ يَعْمَهُوْنَ ﴿۷۵﴾

76 Lan sayekti temen Ingsun wus amatrapi dhèwèké kalawan siksa, ananging dhèwèké padha ora sumarah marang Pangérané sarta padha ora andhap asor.[1724]

وَلَقَدْ اَخَذْنٰهُمْ بِالْعَذَابِ فَمَا اسْتَكَانُوْا لِرَبِّهِمْ وَ مَا يَتَضَرَّعُوْنَ ﴿۷۶﴾

77 Nganti samangsané Ingsun amengani lawanging siksa kang keras marang dhèwèké, satemah padha pedhot pangarep-arep ana ing kono.[1725]

حَتّٰۤى اِذَا فَتَحْنَا عَلَيْهِمْ بَابًا ذَا عَذَابٍ شَدِيْدٍ اِذَا هُمْ فِيْهِ مُبْلِسُوْنَ ۧ ﴿۷۷﴾

1724. Pidana ingkang kasebutaken ing ayat punika, tuwin sangsara ingkang wonten ing ayat ingkang sampun kasebutaken manawi sampun kabirat, punika ambokrnanawi kémawon ingkang dipun karsakaken paceklik ingkang ngéngingi titiyang Makkah.

1725. Pidana ingkang ènthèng boten dipun alap kanggé pèpènget milanipun lajeng kadhawahan pidana ingkang langkung awrat. Punika andhawahi piyambakipun kalayan awujud peperangan-peperangan, wasana nagari Makkah ngantos bedhah.

RUKU' 5

Panembah-pangéran-kathah katampik piyambak

78-83. Para kafir angakeni, bilih Allah punika ingkang anitahaken sadaya kasaénan, ananging boten angakeni kiyamat. 84-89. Allah dipun akeni Pangéran Ingkang-Mahaluhur. 90-92. Pangakenan makaten punika andadosaken pejahipun manembah pangéran kathah.

78 Lan Panjenengané iku Kang andadèkaké pangrungu lan pandeleng tuwin ati: sathithik sira kang padha atur panuwun.

وَهُوَ الَّذِي أَنشَأَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَارَ وَالْأَفْئِدَةَ ۚ قَلِيلًا مَّا تَشْكُرُونَ ﴿٧٨﴾

79 Lan Panjenengané iku kang andadèkaké sira tangkar-tumangkar ana ing bumi, sarta marang Panjenengané anggonira bakal diimpun.

وَهُوَ الَّذِي ذَرَأَكُمْ فِي الْأَرْضِ وَإِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ﴿٧٩﴾

80 Lan Panjenengané iku Kang aparing pati, sarta ana ing (astané) Panjenengané gilir-gumantining wengi lan raina iku; lah apa ta sira iku padha ora ngerti?

وَهُوَ الَّذِي يُحْيِي وَيُمِيتُ وَلَهُ اخْتِلَافُ اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ﴿٨٠﴾

81 Balik dhèwèké padha calathu kaya calathuné para kuna:

بَلْ قَالُوا مِثْلَ مَا قَالَ الْأَوَّلُونَ ﴿٨١﴾

82 Calathuné: Apa iya, manawa aku wis padha mati lan padha dadi lemah sarta balung, apa iya aku bakal padha ditangèkaké temenan?

قَالُوا أَإِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَعِظَامًا أَإِنَّا لَمَبْعُوثُونَ ﴿٨٢﴾

83 Sayekti temen aku wis dijanjèni iki, *samono uga* bapak-bapakku ing biyèn; iki ora liya kajaba mung dongèngané wong kuna-kuna.

Ar. *lan*

لَقَدْ وُعِدْنَا نَحْنُ وَآبَاؤُنَا هَٰذَا مِن قَبْلُ إِنْ هَٰذَا إِلَّا أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ﴿٨٣﴾

84 Calathua: Darbèké sapa bumi iki dalah sadhéngah kang ana ing kono, manawa sira padha weruh?

قُل لِّمَنِ الْأَرْضُ وَمَن فِيهَا إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٨٤﴾

85 Dhèwèké bakal padha calathu: Kagungané Allah. Calathua: Lah apa ta sira padha ora angangen-angen?

سَيَقُولُونَ لِلَّهِ ۚ قُلْ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ﴿٨٥﴾

86 Calathua: Sapa Pangéraning langit pipitu lan Pangéraning
a. 895 Karaton kang Agung?[a]

قُلْ مَنْ رَّبُّ السَّمٰوٰتِ السَّبْعِ وَ رَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيْمِ ﴿٨٦﴾

87 Dhèwèké bakal padha calathu: Kagunganing Allah. Calathua: Lah apa ta sira ora bakal anjaga awakira (saka ing ala)?

سَيَقُوْلُوْنَ لِلّٰهِ ؕ قُلْ اَفَلَا تَتَّقُوْنَ ﴿٨٧﴾

88 Calathua: sapa kang karatoning samubarang iku ana ing astaNé, sarta Panjenengané iku Kang aparing pitulungan lan ora ana pitulungan tumrap marang Panjenengané, manawa sira padha weruh?

قُلْ مَنْۢ بِيَدِهٖ مَلَكُوْتُ كُلِّ شَيْءٍ وَّ هُوَ يُجِيْرُ وَ لَا يُجَارُ عَلَيْهِ اِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ﴿٨٨﴾

89 Dhèwèké bakal padha calathu: (Iki) kagunganing Allah. Calathua: Lah saka ngendi olèhira padha keblinger?

سَيَقُوْلُوْنَ لِلّٰهِ ؕ قُلْ فَاَنّٰى تُسْحَرُوْنَ ﴿٨٩﴾

90 Balik Ingsun wus anekakaké kasunyatan marang dhèwèké lan sayekti dhèwèké iku temen padha wong goroh.

بَلْ اَتَيْنٰهُمْ بِالْحَقِّ وَ اِنَّهُمْ لَكٰذِبُوْنَ ﴿٩٠﴾

91 Ora pisan Allah iku mundhut putra sarta ora pisan ana sesembahan kang anyartani Panjenengané – yèn mangkono, siji-sijining sesembahan rak masthi bakal anjupuk barang kang wus katitahaké, apa déné kang sawenèh masthi bakal anelukaké marang sawenèhé; Mahasuci Allah iku saka anggoné padha anyipati!

مَا اتَّخَذَ اللّٰهُ مِنْ وَّلَدٍ وَّ مَا كَانَ مَعَهٗ مِنْ اِلٰهٍ اِذًا لَّذَهَبَ كُلُّ اِلٰهٍۭ بِمَا خَلَقَ وَ لَعَلَا بَعْضُهُمْ عَلٰى بَعْضٍ ؕ سُبْحٰنَ اللّٰهِ عَمَّا يَصِفُوْنَ ﴿٩١﴾

92 Ingkang angudanèni barang kang ora katon sarta kang katon, mulané Mahaluhur Panjenengané iku saka barang kang padha disakuthokaké (karo Panjenengané).

عٰلِمِ الْغَيْبِ وَ الشَّهَادَةِ فَتَعٰلٰى عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ﴿٩٢﴾

RUKU' 6

Piduwungipun tiyang awon

93-95. Janji ingkang badhé kelampahan. 96. Awon dipun tulak sarana saé. 97, 98. Ngungsi dhateng Gusti Allah. 99-114. Piduwungipun tiyang awon. 115-118. Kawusananipun kedah dipun lampahi.

93 Munjuka: Dhuh Pangéran kawula! manawi Tuwan badhé anyumerepaken kawula dhateng barang ingkang dipun ancamaken dhateng piyambakipun:

قُلْ رَّبِّ اِمَّا تُرِيَنِّيْ مَا يُوْعَدُوْنَ ﴿٩٣﴾

94 Pangéran kawula! lah mugi kawula sampun Tuwan dadosaken éwonipun tiyang ingkang atindak dédé.

رَبِّ فَلَا تَجْعَلْنِيْ فِي الْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ﴿٩٤﴾

95 Lan sayekti, Ingsun iki temen kawasa anyumurupaké sira marang barang kang Ingsun ancamaké marang dhèwèké.[1726]

وَاِنَّا عَلٰٓى اَنْ نُّرِيَكَ مَا نَعِدُهُمْ لَقٰدِرُوْنَ ﴿٩٥﴾

96 Sira anulaka ala kalawan kang luwih becik; Ingsun luwih nguningani marang sabarang anggoné padha nyipati.[1727]

اِدْفَعْ بِالَّتِيْ هِيَ اَحْسَنُ السَّيِّئَةَ ۗ نَحْنُ اَعْلَمُ بِمَا يَصِفُوْنَ ﴿٩٦﴾

1726. Janji ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Suci wonten ing dalem ayat-ayat punika, inggih punika: panguwaosipun para ingkang sami nganiaya dhateng panjenenganipun mesthi badhé lebur ing salebeting jaman sugengipun.

1727. Nindakaken kasaénan minangka wawalesipun piawon, punika sampun umum dados piwulangipun sadaya nabi; dados boten ngemungaken piwulangipun Kanjeng Nabi Isa piyambak. Nanging wontena ing pundi kémawon, piwulang wau boten naté maujud dumugi ing tindak, tur ingkang kalayan adi-éndah, kados wontenipun ing dalem Quran. Déné kelampahanipun ingkang makaten punika namung margi kaéwahan tembungipun satembung. Awon winales saé, punika sagedipun tumindhak namung kalamangsa, liripun mawi angungak ing kawontenan. Sarta nadyan kados punapa kémawon pangalembana dhateng piwulangipun Injil, tiyang utawi umat ingkang cecepengan piwulang wau kanggé tuntunanipun, meksa boten saged mujudaken dumugi ing tindak awon winales saé tumrap sadaya prakawis. Malah sawenèh pandhèrèkipun Gusti Yesus ing jaman ingkang akhir-akhir punika, wonten ingkang lajeng nganggé lampah ingkang akosokwangsul, bokmanawi kémawon margi piwulang ingkang bagus mulus wau boten saged tumindak. Nanging dhawuhing Quran: *Sira anulaka ala kalawan kang luwih becik*. Awon, punika barang ingkang mesthi kedah dipuntulak. Awon, sanès barang ingkang kedah dipun pajeng-pajengaken. Nanging anggènipun nulak awon wau wonten pranatanipun ingkang kedah dipun tindakaken, inggih punika: kedah katulak *kalayan ingkang langsung saé*. Manawi tiyang punika saged nulak awon kalayan anindakaken kasaènan minangka wawalesipun, lah makaten wau pancèn ingkang langkung prayogi. Nanging manawi nulak awon punika perlu mawi pidana, ingkang nadyan pandhèrèkipun Gusti Yesus ingkang sakalangkung lembah-manah pisan mesthi inggih angakeni perlunipun midana awon, lah nandukaken pidana punika

97 Sarta munjuka: Dhuh Pangéran kawula, kawula angungsi ing Tuwan saking bobolèhipun awon para sétan:[1728]	وَقُلْ رَّبِّ اَعُوْذُ بِكَ مِنْ هَمَزٰتِ الشَّيٰطِيْنِ ﴿٩٧﴾
98 Saha kawula angungsi ing Tuwan, Dhuh Pangéran kawula, saking anggènipun sami anenggani kawula.	وَاَعُوْذُ بِكَ رَبِّ اَنْ يَّحْضُرُوْنِ ﴿٩٨﴾
99 Nganti, samangsané pati anekani dhèwèké salah siji,[1729] dhèwèké calathu: Mugi kawula Tuwan wangsulaken,[1730]	حَتّٰۤى اِذَا جَآءَ اَحَدَهُمُ الْمَوْتُ قَالَ رَبِّ ارْجِعُوْنِ ﴿٩٩﴾

inggih prayogi. Baku-bakuning sedya: nulak awon, caranipun nulak ing sasaged-saged kedah ingkang langkung saé manut kados pundi kawontenanipun. Pranatan ingkang kadhawuhaken wonten ngriki punika, pranatan ingkang mangka tuntunan tumrap sugengipun Kanjeng Nabi, sarta punika pranyata dados garnbaring panggalihanipun Kanjeng Nabi, ing kalanipun nandukaken wawales dhateng piawoning mengsah-mengsahipun.

1728. Bobolèhipun awon para sétan, punika tandhanipun bobolèhipun awon para titiyang duraka, ingkang sami nglawan kamajenganipun lslam. Ing ngriki Kanjeng Nabi dipun pangandikani bilih ngemungaken Allah ingkang kawasa mitulungi. Déné manawi dhawuh punika dipun suraos; mengku teges ingkang nyrambahi, meksa inggih boten wonten pakèwedipun, margi *nyuwun reksa ing Pangéran* makaten kasaénan ingkang luhur piyambak. Wonten ing pundi kémawon tiyang boten gadhah pangungsèn ingkang langkung mitayani katimbang pangungsèn wonten ing Tuking sadaya kakiyatan, sarta boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang saged anggayuh kamulyan ingkang langkung luhur katimbang ngungsi dhateng Pangéran wau. Déné dhawuh dhateng Kanjeng Nabi supados angucapaken, punika menggah ing sajatos-jatosipun dados gambaring idham-idhaman gagayuhaning jiwanipun Kanjeng Nabi, inggih punika dereng ing karsa ingkang sakalangkung sanget ingkang lajeng tumut dados paugeran ingkang mangka tuntunan tumrap sugengipun. Jiwanipun Kanjeng Nabi dumunung wonten ing tataran ingkang luhur wau, ingkang sampun aman saking sawarnining bobolèhan-awon, inggih punika tataran ingkang katembungaken *ngungsi ing Pangéran*. Rèhning panjenenganipun punika sampun boten pasah sawarnining bobolèhan-awon, milanipun ing Quran boten wonten ingkang nyebutaken, bilih sétan naté damel bobolèhan-awon (anggodha) dhateng panjenenganipun, kados déné lekasipun pun sétan wau dhateng Yesus, kados andharanipun Injil Matteus 4: 1-10. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih inggih kados makaten wau godha warni tiga ingkang kausulaken sétan dhateng Gusti Yesus manut cariyosipun Matteus 4: 1-10 wau: “Sawusé mangkono Yesus kapurugaké roh menyang ing ara-ara samun, upaya anglampahi digodha iblis.” Déné bobolèhan-awon ingkang dipun usulaken dhateng Yesus wau, katerangaken wonten ing ayat-ayating Injil sambetipun ingkang sampun kasebutaken ing ngajeng wau. Sampun terang bilih godha warni tiga wau godha ingkang katiyupaken dhateng manah, nanging boten prabéda lan lekasipun titiyang tulus sanès-sanèsipun, Gusti Yesus nulak godha wau sadaya.

1729. Dhawuh punika saged anyethakaken, bilih sétan ingkang kasebutaken ing ayat kakalih ingkang sampun wau, boten sanès kajawi para mengsahipun Kanjeng Nabi ingkang sami duraka, déné bobolèhanipun awon, punika boten sanès inggih panganiayanipun ingkang sakalangkung wengis para titiyang wau dhateng Kangjeng Nabi Suci tuwin para pandhèrèkipun.

1730. Tembungipun ingkang asli mungel *irji'un*. Tembung agnya *irjiû* punika *jama'* (kanggé kathah). Déné manawi kanggé munjuk dhateng Pangéran. kedahipun *mufrad* (tumuju tiyang satunggal), mungel: *irdji'*. Nanging ing basa Arab, *jama'* punika kala-kala sok dipun anggé kanggé anedahaken tembung kriya *mufrad* rambah kaping kalih. Dados *irji'un* ing ngriki kaanggep sami kaliyan *iraji'ni*

100 Manawi kawula saged anglampahi pandamel saé lintunipun ingkang kawula lirwakaken. Ora pisan-pisan! Iku rak (mung) tembung, kang diucapaké; ing sangarepé ana papageré tumeka dinané kang ditangèkaké.[1731]

لَعَلِّيٓ أَعۡمَلُ صَٰلِحٗا فِيمَا تَرَكۡتُۚ كَلَّآۚ إِنَّهَا كَلِمَةٌ هُوَ قَآئِلُهَاۖ وَمِن وَرَآئِهِم بَرۡزَخٌ إِلَىٰ يَوۡمِ يُبۡعَثُونَ ١٠٠

Ut. *ruh tiniyup ing cithakan-cithakan* a. 869

101 Mulané samangsa *salomprèt tiniyup*,[a] lah ing dina iku bakal ora ana tatalining sanak ing antarané dhèwèké sarta ora bakal padha takon-tinakon.

فَإِذَا نُفِخَ فِي ٱلصُّورِ فَلَآ أَنسَابَ بَيۡنَهُمۡ يَوۡمَئِذٖ وَلَا يَتَسَآءَلُونَ ١٠١

Ar. *trajuné*

102 Lan sapa sing *panggawé-panggawéné becik* abot timbangané, yaiku wong sing padha beja.[1732]

فَمَن ثَقُلَتۡ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ ١٠٢

Ar. *trajuné*

103 Lan sapa sing *panggawé-panggawéné becik* ènthèng timbangané, yaiku wong jiwané kapitunan, ing naraka panggonané.

وَمَنۡ خَفَّتۡ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓاْ أَنفُسَهُمۡ فِي جَهَنَّمَ خَٰلِدُونَ ١٠٣

104 Geni iku anggesengaké rairainé, sarta ing kono bakal padha banget anandhang cintraka.

تَلۡفَحُ وُجُوهَهُمُ ٱلنَّارُ وَهُمۡ فِيهَا كَٰلِحُونَ ١٠٤

---

rambah kaping kalih (Bd), mila kajarwakaken kados makaten wau. Tuladhanipun ukara ingkang makaten punika, ingkang sampun kalimrah pinanggih wonten ing kidung ingkang sampun misuwur, makaten: قفا نبك من ذكرى حبيب ومنزل Lah ing ngriku tembung *qifa* (tembung agnya rimbag *tatsniyah* utawi kanggé tiyang kalih) punika mengku kajeng *qif* (tembung agnya rimbag *mufrad*) ambal kaping kalih.

1731. Tiyang pejah boten kongang wangsul gesang malih dhateng ngalam donya; piwulang ingkang makaten punika dipun kiyataken wonten ing dhawuh ngriku (mirsanana 1659). Miturut Quran Suci, manusa punika mesthi ngalami kawontenan gesang warni tiga, inggih punika: gesangipun wonten ing ngalam donya punika, gesang wonten ing ngalam *barzakh'*, tuwin cumethanipun saèstu sawarnining kawontenan ruhani, ingkang badhé kalampahan bénjing ing dinten kiyamat. Déné kawontenan *barzakh,* punika kawontenan utawi ngalam pantawis, jiwa ing sasampuning pejah sami gesang wonten ing ngalam *barzakh* ngriku ngantos dumuginipun kiyamat ageng. Lah ing ngriki kasebutaken kanthi dhawuh ingkang terang gamblang, bilih tiyang punika sarnangsa sampun medal saking kontening pejah lajeng lumebet dhateng ngalam *barzakh* wau boten wonten satunggal kémawon ingkang dipun parengaken wangsul dhateng alamipun lami ingkang sampun kapengker. Salajengipun kula aturi mirsani 2165.

1732. *Mawâzin* punika *jama'*ipun *manzun*, tegesipun barang ingkang dipun *wawrat* (Kf). Rèhning ingkang gadhah *wawrat* punika ngemungaken Pandamel sae kémawon, sarta ing rèhning tiyang ingkang atindak awon punika sampun kadhawuhaken bilih "Ingsun ora bakal ngedegaké traju tumrap dhèwèké bésuk ing dina kiyamat" (18: 105), milanipun tembung *mawâzin* ing ngriki punika dipun jarwani *panggawé becik*. Kula aturi misrani ugi 859 tuwin 1528.

105 Apa ta timbalan-timbalan-Ingsun ora wus diwacakaké marang sira? Ananging iku sira padha tansah anggorohaké.

أَلَمْ تَكُنْ ءَايَٰتِى تُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ فَكُنتُم
بِهَا تُكَذِّبُونَ ١٠٥

106 Dhèwèké bakal padha munjuk: Dhuh Pangéran kawula! cilaka kawula anglud dhateng kawula saha kawula punika bangsa ingkang sasar:

قَالُوا۟ رَبَّنَا غَلَبَتْ عَلَيْنَا شِقْوَتُنَا
وَكُنَّا قَوْمًا ضَآلِّينَ ١٠٦

107 Dhuh, Pangéran kawula, mugi kawula Tuwan luwaraken saking ngriku; manawi kawula lajeng dhumawah (ing awon) malih, lah saèstu kawula punika sami tiyang atindak dédé.

رَبَّنَآ أَخْرِجْنَا مِنْهَا فَإِنْ عُدْنَا
فَإِنَّا ظَٰلِمُونَ ١٠٧

108 Panjenengané bakal ngandika: Padha minggata mlebua ing kono sarta padha aja munjuk marang Ingsun.[1733]

قَالَ ٱخْسَـُٔوا۟ فِيهَا وَلَا تُكَلِّمُونِ ١٠٨

109 Sayekti, ana kawula-Ningsun sapantha kang padha munjuk: Dhuh Pangéran kawula! kawula sami angèstu; mila mugi Tuwan aparing pangapunten ing kawula sarta aparing wilasa ing kawula, saha Tuwan punika Saé-saénipun para ingkang ambek wilasa;

إِنَّهُۥ كَانَ فَرِيقٌ مِّنْ عِبَادِى يَقُولُونَ
رَبَّنَآ ءَامَنَّا فَٱغْفِرْ لَنَا وَٱرْحَمْنَا وَأَنتَ
خَيْرُ ٱلرَّٰحِمِينَ ١٠٩

110 Ananging iku padha sira anggep guguyon, nganti dhèwèké padha andadèkaké lalinira marang éling-ing-Ingsun, sarta tansah padha sira guguyu:[1734]

فَٱتَّخَذْتُمُوهُمْ سِخْرِيًّا حَتَّىٰٓ أَنسَوْكُمْ
ذِكْرِى وَكُنتُم مِّنْهُمْ تَضْحَكُونَ ١١٠

1733. Tembung *ikhsa'* punika kanggénipun kanggé anggusah segawon; milanipun tembung wau lajeng mengku teges nundhung kados déné anundhung tiyang ingkang nistha ina tuwin anggethingaken.

1734. Yektinipun sanès kok para angèstu ingkang murugaken para titiyang wau kesupèn boten émut ing Pangéranipun, nanging margi saking piyambakipun sami anggugujeng para angèstu, dadosipun para kafir wau lajeng sami kesupèn dhateng Pangéranipun. Awit saking punika mila ing ngriki kadhawuhaken, bilih ingkang nyababaken para kafir kesupèn dhateng Pangéranipun wau para angèstu.

111 Sayekti, ing dina iki Ingsun angganjar dhèwèké marga anggoné padha sabar, déné dhèwèké iku para wong kang olèh kabegjan.

إِنِّي جَزَيْتُهُمُ الْيَوْمَ بِمَا صَبَرُوٓا۟ أَنَّهُمْ
هُمُ الْفَآئِزُونَ ١١١

112 Panjenenganė bakal ngandika: Pirang taun lawasé pamanggonira ana ing bumi?

قَٰلَ كَمْ لَبِثْتُمْ فِي الْأَرْضِ عَدَدَ سِنِينَ ١١٢

113 Dhèwèké bakal padha munjuk: Pamanggèn kawula sadinten utawi sapéranganipun sadinten, ananging sumangga andangu dhateng para juru-ngétangi.

قَالُوا۟ لَبِثْنَا يَوْمًا أَوْ بَعْضَ يَوْمٍ
فَسْـَٔلِ الْعَآدِّينَ ١١٣

114 Panjenenganė bakal ngandika: Pamanggonira mung sadhéla – lamun ta sira iku padha weruha.

قَٰلَ إِن لَّبِثْتُمْ إِلَّا قَلِيلًا لَّوْ أَنَّكُمْ
كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ١١٤

Ar. *sarta manawa*

115 Lah apa ta sira padha ngira, manawa anggon-Ingsun anitahaké sira iku muspra, *sarta* sira ora bakal padha dibalèkaké marang Ingsun?[1735]

أَفَحَسِبْتُمْ أَنَّمَا خَلَقْنَٰكُمْ عَبَثًا وَأَنَّكُمْ
إِلَيْنَا لَا تُرْجَعُونَ ١١٥

a. 895

116 Mulané, Mahaluhur Allah iku, Sajatining Ratu: ora ana sesembahan kajaba Panjenenganė, Pangéraning karaton kang minulya.[a]

فَتَعَٰلَى اللَّهُ الْمَلِكُ الْحَقُّ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ
رَبُّ الْعَرْشِ الْكَرِيمِ ١١٦

Ut. *sartané*
Ar. *akanthi*

117 Lan sapa sing *kajaba* Allah *iya* anguwuh sesembahan liya – dhèwèké ora duwé bukti tumrap prakara iku – lah pétunganė mung ana ngarsanė Pangéranė piyambak; sayekti ora bakal begja para kafir iku.

وَمَن يَدْعُ مَعَ اللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ لَا
بُرْهَٰنَ لَهُۥ بِهِۦ فَإِنَّمَا حِسَابُهُۥ عِندَ
رَبِّهِۦٓ إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ الْكَٰفِرُونَ ١١٧

118 Lan munjuka: Dhuh Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing pangapunten sarta aparing wilasa, saha Tuwan punika Saé-saénipun para ingkang ambek wilasa.

وَقُل رَّبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنتَ
خَيْرُ الرَّٰحِمِينَ ١١٨

1735. Kalayan cetha awéla-wéla ayat punika anetepaken piwulang, bilih manusa punika tanggel jawab tumrap pandamelipun. Tumitahipun manusa punika boten kok kalayan muspra, nanging badhé dipun impun wangsul dhateng Pangéranipun perlu nampèni wohing sabarang ingkang sampun katindakaken ing gesang punika.

ركوعاتها ٩ سُورَةُ النُّورِ مَدَنِيَّةٌ (٢٤) اٰياتها ٦٤

SURAT 24

AN-NUR

(*Cahya*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*9 ruku', 64 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Angger-angger tumrap lampah sèdhèng.
Ruku' 2. Tiyang ingkang sami ngamandaka angawon-awon Siti 'Aisyah.
Ruku' 3. Tiyang ingkang sami ngamandaka angawon-awon tiyang èstri.
Ruku' 4. Tatanan minangka sarana pambirating lampah bandrèk sarta pangawon-awon.
Ruku' 5. Wewedharing kanyataanipun papadhanging Pangéran wonten ing Islam.
Ruku' 6. Wedharing kawasanipun Pangéran.
Ruku' 7. Jumenenging karatonipun Islam.
Ruku' 8. Kedahipun sami angajèni dhateng "wancinipun-miyambak" tiyang sanès.
Ruku' 9. Prakawis praja kedah dipun rumiyinaken tinimbang sadaya prakawis dhiri.

Namanipun:

"Cahya", namanipun surat punika, punika mendhet saking pratélan ing ruku' 5, ingkang anerangaken bilih Islam punika wedharing kanyataanipun papadhanging Pangéran ingkang sampurna piyambak, sarta sanépanipun kados déné cahya ingkang gumebyar sumunu anelahi, ingkang badhé nyunari Wétan lan Kilèn.

Gathuking suraosipun

Wahyu Makkiyah ingkang lalajengan urut-urutan, ingkang kawiwitan wiwit surat ingkang kaping sadasa, katingalipun sajak lajeng jugag déning kaselanan wahyu Madaniyah. Nanging para maos ingkang tutwingking dhateng nalar-nalar ingkang nedahaken lalajenganipun bab ingkang karembag tumrap wonten ing urut-urutaning surat kados wontenipun ing sapunika-punika, boten kénging boten mesthi ngyektosi sasambetanipun ingkang rapet golonganing surat-surat Makkiyah ingkang sampun kaliyan surat Madaniyah punika. Ingkang katuju ing karsa déning golongan ing surat-surat Makkiyah ingkang sampun, punika mratélakaken menangipun Islam ingkang wekasan. Kados déné ingkang sampun kapratélakaken wonten ing purwakaning surat ingkang sampun, ingkang karembag wonten ing dalem golonganing surat Makkiyah wiwit surat 17 dumugi surat 23, punika bab kaagungan saha kamenanganipun Islam ing wekdal ingkang badhé dhateng; awit saking punika murih mathukipun dipun sambeti ing surat, ingkang anjanjèkaken kalayan tetembungan ingkang cetha wéla-wéla badhé jumenenging karatonipun Islam. Jejering rembag ingkang baku wonten ing surat punika, punika sajatosipun sanès bab lampah sèdhèng (zina) lan sarananipun ambirat, nanging bab gelar yekti bilih papadhanging Islam punika cahya ingkang suci-murni ingkang mijil saking papadhanging Pangéran, boten badhé surem prabanipun ing salami-laminipun, sarta papadhangipun boten badhé winatesan ing Wétan utawi ing Kilèn, wangsul badhé madhangi kakalihipun (ayat 35), tuwin karatoning Islam badhé dipun jumenengaken ing salami-laminipun (ayat 55). Nanging rèhning jumenengipun karaton punika mahanani wontenipun sakéca lan mubra-mubru, ingkang tundhonipun nununtun dhateng piawon ing dalem babrayan kados déné lampah bandrèk lan ngamandaka ngawon-awon punapa punika, mangka punika piawon ingkang saged damel pituna ageng dhateng babrayan, milanipun bab prakawis wau

inggih karembag wonten ing ngriki, boten kelangkungan ugi tatanan ingkang sakinten kénging dipun anggé mekak piawon wau.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika kawiwitan kalayan pangandika ingkang nglepataken lampah bandrèk, awit nadyan lampah bandrèk punika wonten ing babrayan ingkang majeng ing jaman samangké boten patosa kaanggep awon, nanging tumrapipun kasusilan Islam lampah bandrèk punika piawon ingkang sakalangkung anggigilani piyambak. Kalayan mengku karsa dhawuh anggatosaken dhateng prakawis punika pranatan bab pidananipun tiyang jaler lan tiyang èstri ingkang alampah bandrèk punika kinanthenan ing dhawuh: *Welas marang sakaroné iku aja nganti angunduraké pambangun-turutira ing Allah*. Ing ruku' punika ugi bagian ingkang magepokan kaliyan prakawis wau kasebutaken, kadosta pandalih palsu alampah sèdhèng dhateng tiyang èstri, sarta bab prakawis tiyang jaler ingkang yakin sémahipun alampah sèdhèng, nanging boten saged nerangaken buktinipun. Ruku' ingkang kaping kalih mangandikakaken agenging dosanipun para titiyang ingkang ngamandaka ngawon-awon satunggaling pawèstri ingkang sakalangkung resik, inggih punika Siti 'Aisyah, garwanipun Kanjeng Nabi. Punika lajeng dipun sambeti ing ruku' sanès ingkang maringi pangapunten dhateng para titiyang ingkang sami ngamandaka ngawon-awon Siti 'Aisyah sarta nglepataken para tukang ngawon-awon tiyang èstri umumipun. Ruku' ingkang kaping sakawan mangandikakaken tatanan ingkang minangka sarana kanggé nyegah pandamel sèdhèng. Lajeng kasambetan malih ruku' titiga ingkang mangandikakaken urubing papadhangipun Pangéran wonten ing karatoning Islam. Ruku' ingkang kaping wolu anyebutaken malih bab ingkang karembag wonten ing ruku'-ruku' ingkang wiwitan sarana andhawuhaken ngajèni dhateng "wancinipun-miyambak" tiyang sanès, ingkang kinten-kinten kémawon saged mekak lésan ingkang remen ngamandaka ngawon-awon. Ruku' ingkang wekasan mulang supados ngajèni tatananipun Kanjeng Nabi, awit sadaya prakawis ingkang wigatos pancasanipun gumantung wonten ing panjenenganipun, sarta jalaran prakawis dhiri punika kedah boten dipun rumiyinaken ngungkuli prakawis praja.

Titimangsa tumurunipun

Sagemblengipun surat punika sampun umum ingakenan wahyu Madaniyah (AH), milanipun rékadayanipun juru merdéni (Quran) pihak Nasrani ingkang enggel piyambak mangké, ingkang mastani ayat 35-45 kagolong Makkiyah, tur tanpa mawi nyukani nalar-nalaripun anggènipun mastani makaten wau, punika boten perlu dipun gatosaken. Titimangsanipun ingkang trep tumurunipun sawenèh ayat-ayatipun surat punika, saged dipun tamtokaken kalayan yakin (yakining panginten-inten); kadosta ayat-ayat ingkang nyebutaken titiyang ingkang sami ngamandaka ngawon-awon dhateng Siti 'Aisyah, punika anggènipun katurunaken nalika watawis let sawulan kaliyan wangsulipun prajurit ingkang kakintunaken dhateng Bani Musthaliq, ingkang kalampahanipun punika nalika wulan Sya'ban taun Hijrah kaping gangsal. Ayat-ayat nginggilipun caket, ingkang nyebutaken pidananipun lampah bandrèk, lan ayat-ayat ngandhapipun, ingkang mangandikakaken pandalih palsu lampah bandrèk dhateng tiyang èstri ingkang resik boten lepat, tuwin sarana ingkang kanggé ambirat ingkang kasebutaken ing ruku' 4 lan ingkang kasebutaken ing ruku' 8, punika sadaya sasambetan rapet kaliyan bab ingkang karembag wonten ing ruku' 2, dados anggènipun katurunaken mesthi kirang langkung inggih nunggil jaman; déné ayat sanès-sanèsipun ing surat punika, rèhning inggih wonten sasambetanipun ingkang lebet kaliyan bab ingkang karembag ing ruku'-ruku' ingkang kasebut ing nginggil wau sadaya milanipun inggih kedah kaanggep kagolong dhateng tahun Hijrah ingkang kaping gangsal. Awit saking punika kénging kakinten-kintenaken sanget bilih sagemblengipun surat punika katurunaken ing taun wau.

RUKU’ 1

Angger-angger tumrap alampah sèdhèng

1, 2. Pidana tumrap lampah sèdhèng. 3. Tiyang jaler sarta tiyang èstri sèdhèng kedah dipun singkiri wonten ing gesang babrayan. 4, 5. Pidananipun andakwa lampah sèdhèng ingkang boten nyata. 6-10. Andakwa sèdhèng dhateng tiyang èstri piyambak.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 (Iki) surat kang Ingsun dhawuhaké sarta Ingsun wajibaké, apa déné ing sajroné kono Ingsun andhawuhaké timbalan-timbalan kang terang, supaya sira padha éling.

سُوْرَةٌ اَنْزَلْنٰهَا وَفَرَضْنٰهَا وَاَنْزَلْنَا فِيْهَآ اٰيٰتٍ بَيِّنٰتٍ لَّعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ ①

2 Wong wadon bandrèk lan wong lanang bandrèk, lah sakaroné iku siji-sijiné sira gitika satus *rambahan*, sarta welas marang sakaroné iku aja nganti angun-duraké pambangun-turutira ing Allah, manawa sira iku padha angèstu ing Allah lan ing dina akhir, apa déné para mukmin sagolongan aneksènana pamida-nané sakaroné.[1736]

Ar. *gitikan*

اَلزَّانِيَةُ وَالزَّانِيْ فَاجْلِدُوْا كُلَّ وَاحِدٍ مِّنْهُمَا مِائَةَ جَلْدَةٍ ۖ وَّلَا تَأْخُذْكُمْ بِهِمَا رَأْفَةٌ فِيْ دِيْنِ اللّٰهِ اِنْ كُنْتُمْ تُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ وَالْيَوْمِ الْاٰخِرِ ۚ وَلْيَشْهَدْ عَذَابَهُمَا طَآئِفَةٌ مِّنَ الْمُؤْمِنِيْنَ ②

1736. Ing babrayanipun gesang bangsa ingkang sampun majeng ing diaman samangké punika, kasucian punika boten kaanggep katulusan ingkang angka satunggal. Milanipun lampah bandrèk makaten boten kaanggep dosa kriminil (kadursilan), dalasan pandamel ngrisak pager ayu inggih boten patosa kaanggep dosa ageng, ingkang murugaken tiyang ingkang atindak dosa wau angsal pidana sanèsipun malih kajawi pidana kapurih bayar karugian dhateng lakinipun èstri ingkang dipun resahi. Satemenipun makaten punika panganggep ingkang asor sanget ing bab angger-anggering budipakerti ingkang magepokan kaliyan caranipun jaler lan èstri. Kawadhagan (materialism) sanget anggènipun nguwaosi pikiranipun bangsa ingkang sampun majeng wau, ngantos kasucian, inggih punika sosotya adi ingkang awis reginipun. ingkang dumunung wonten ing makuthaning katulusanipun tiyang èstri, saged dipun tebus mawi arta sawatawis rupiyah. Nerak papacuhing kapercayan ageng-agengan ingkang dados rereksanipun tiyang jaler utawi tiyang èstri, panerak ingkang saged adamel risakipun gotrah, ingkang saged adamel curnaning katentremanipun balégriya, sarta ingkang saged mahanani laré-laré ingkang boten kalepatan ing dosa kécalan biyungipun ingkang sakalangkung dipun tresnani boten dipun anggep prakawis ageng kados panganggepipun dhateng paneraking papacuhipun kapercayan ingkang tumrap babagan arta ingkang namung sawatawis rupiyah kathahipun. Mila tumrap tiyang Kilèn ingkang gumuluwèh, angger-anggeripun agami Islam punika sajakipun sakalangkung déning awrat.

3 Wong lanang bandrèk ora bakal angrabi (sapa-sapa) kajaba wong wadon bandrèk utawa wong wadon musyrik, sarta wong wadon bandrèk ora liya kang angrabi dhèwèké kajaba wong lanang bandrèk utawa wong lanang musyrik; lan iki dilarangi ingatasé para wong mukmin.[1737]

الزَّانِي لَا يَنكِحُ إِلَّا زَانِيَةً أَوْ مُشْرِكَةً وَالزَّانِيَةُ لَا يَنكِحُهَا إِلَّا زَانٍ أَوْ مُشْرِكٌ ۚ وَحُرِّمَ ذَٰلِكَ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ ﴿٣﴾

4 Lan para kang padha anarka wong wadon mardika, sabanjuré ora anekakaké saksi papat, lah padha sira gitika wolung puluh *rambahan*, sarta aja padha anganggep pasaksiné salawasé; lan yaiku wong kang padha murang yakti.[1738]

Ar. *gitikan*

وَالَّذِينَ يَرْمُونَ الْمُحْصَنَاتِ ثُمَّ لَمْ يَأْتُوا بِأَرْبَعَةِ شُهَدَاءَ فَاجْلِدُوهُمْ ثَمَانِينَ جَلْدَةً وَلَا تَقْبَلُوا لَهُمْ شَهَادَةً أَبَدًا ۚ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْفَاسِقُونَ ﴿٤﴾

5 Kajaba wong kang padha mratobat ing sawisé iku sarta laku becik; lah sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

إِلَّا الَّذِينَ تَابُوا مِن بَعْدِ ذَٰلِكَ وَأَصْلَحُوا فَإِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٥﴾

6 Lan para kang padha anarka rabiné sarta ora duwé saksi-saksi kajaba awaké dhéwé, lah iku pasaksiné siji-sijiné kudu (dijaluk) patang rambahan, anglahiraké pasaksi kalawan (asmaning) Allah yèn sayekti temen dhèwèké iku golongané para wong temen.[1739]

وَالَّذِينَ يَرْمُونَ أَزْوَاجَهُمْ وَلَمْ يَكُن لَّهُمْ شُهَدَاءُ إِلَّا أَنفُسُهُمْ فَشَهَادَةُ أَحَدِهِمْ أَرْبَعُ شَهَادَاتٍ بِاللَّهِ ۙ إِنَّهُ لَمِنَ الصَّادِقِينَ ﴿٦﴾

1737. Tiyang ingkang dosa zina, ayat punika kapatrapan paukuman sawarni panyertu (*interdict*). Kempal kaliyan tiyang ingkang kados makaten wau ingawisan; èstri palanyahan tuwin jaler ingkang karem lampah bandrèk, ingawisan boten kenging sésémahan wonten ing kalanganing babrayanipun kaum Muslimin ingkang saé. Punika satunggaling sarana ingkang mesthi saged nyirnakaken dosa zina, ngungkuli sarana sanès-sanèsipun.

1738. Punika sarana ingkang peng-pengan kanggé anyegah wontenipun fitnah ngamandaka (ngawon-awon) lan omong kosong (raosan lalawora) ingkang asring kémawon adamel cilakanipun tiyang èstri ingkang leresipun boten lepat. Andalih satunggaling tiyang èstri atindak zina, manawi tanpa pasaksèn ingkang kiyat – inggih punika pasaksènipun tiyang sakawan – tiyang ingkang andalih wau piyambak, ingkang kedah dipun patrapi pidana.

1739. Tatanan punika mranata prakawisipun tiyang jaler ingkang andakwa zina dhateng rabinipun piyambak, nanging boten gadhah bukti. Kula aturi mirsani lalampahan ingkang dipun riwayataken wonten ing Bkh. Tumrap prakawis ingkang kados makaten punika, karampunganipun: pegat. Ingkang jaler boten kapidana margi anggènipun andalih wau, sanajan ta piyambakipun punika boten gadhah saksi; ingkang èstri inggih boten kapatrapan pidananipun lampah bandrèk, manawi piyambakipun boten

وَالْخَامِسَةُ أَنَّ لَعْنَتَ اللَّهِ عَلَيْهِ إِنْ كَانَ مِنَ الْكَاذِبِينَ ⑦

Ar. *yèn*

7 Sarta kang kaping limané *muga* bebenduning Allah tumibaa marang awaké, manawa awaké iku golongané para wong goroh.

وَيَدْرَؤُا عَنْهَا الْعَذَابَ أَنْ تَشْهَدَ أَرْبَعَ شَهَادَاتٍ بِاللَّهِ ۙ إِنَّهُ لَمِنَ الْكَاذِبِينَ ⑧

Ar. *dhèwèké*
Ar. *dhèwèké*
Ar. *dhèwèké*

8 Lan pidana bakal katulak saka *si rabi*, manawa *si rabi* anglahiraké pasaksi patang rambahan, anglahiraké pasaksi kalawan (asmaning) Allah, yèn sayekti temen *si laki* iku golonganing para wong goroh;

وَالْخَامِسَةَ أَنَّ غَضَبَ اللَّهِ عَلَيْهَا إِنْ كَانَ مِنَ الصَّادِقِينَ ⑨

Ar. *yèn*
Ar. *dhèwèké*

9 Lan kang kaping limané *muga* bebenduning Allah tumibaa marang awaké, manawa *si laki* golongané para wong temen.

وَلَوْلَا فَضْلُ اللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُ وَأَنَّ اللَّهَ تَوَّابٌ حَكِيمٌ ⑩

10 Lan lamun ta ora ana lubèring paparingé Allah marang sira, samono uga wilasa-Né – lan Allah iku kang tansah bola-bali (wilasa-Né), Wicaksana!

RUKU’ 2

Tiyang ingkang sami angamandaka angawon-awon Siti ‘Aisyah

إِنَّ الَّذِينَ جَاءُوا بِالْإِفْكِ عُصْبَةٌ مِنْكُمْ ۚ لَا تَحْسَبُوهُ شَرًّا لَكُمْ ۖ بَلْ

Ar. *teka kalawan pangamandaka*

11 Sayekti para kang padha *angamandaka* iku sagolongan saka antaranira.[1740] Iku aja sira kira ala tumrap marang sira; balik iku

angakeni pandalih wau secara ingkang sampun kasebutaken ing dhawuh ngriki. Kula aturi nandhing kaliyan Wilangan 5: 11-31.

1740. Lalampahan ingkang kasebutaken ing ruku’ punika, kalampahan nalika Kanjeng Nabi sakaliyan ingkang garwa Sayidatina’Aisyah, kundur saking anggènipun nglurugi perang titiyang Bani Musthaliq, nalika taun Hijrah ingkang kaping gangsal. Siti ‘Aisyah medal dhateng pakiwan, sareng wangsul saweg uninga manawi agemipun kalung ical; panjenenganipun lajeng wangsul angupadosi. Nalika punika peteng ndhedhet; nalika panjenenganipun wangsul angupadosi kalung wau, para pandhèrèkipun nginten manawi panjenenganipun sampun wonten ing *howdah*-ipun, milanipun lajeng sami bidhal. Sareng panjenenganipun wangsul saking anggènipun ngupadosi kalung pinanggih unta titihanipun lan titiyang kathah sampun sami bidhal, panjenenganipun lajeng lenggah wonten ing ngriku, salajengipun kundur dhateng Madinah kadhèrèkaken Sofwan, ingkang lumampah kantun. Para titiyang ingkang remen damel wisuna saking antawisipun para lamis lajeng sami nyebar pawartos doracara, ngawon-awon dhateng Siti ‘Aisyah. Sawenèh tiyang Muslimin piyambak inggih wonten ingkang tumut-tumut ngraosi awon wau. Ing wasana kasucianipun Siti ’Aisyah katetepaken wahyu punika, déné para ingkang sami tumut andalih sami dipun pidana. Lah inggih punika siksa ingkang ageng ingkang kasebutaken ing wekasaning ayat punika.

Ar. *dipakolih*

becik tumrap marang sira. Dhèwèké siji-sijiné, bakal padha olèh dosa-dosané apa kang wis *dilakoni*; wondéné kang dadi bénggolé, iku bakal olèh siksa kang gedhé.[1741]

هُوَ خَيْرٌ لَّكُمْ ۚ لِكُلِّ امْرِئٍ مِّنْهُم مَّا اكْتَسَبَ مِنَ الْإِثْمِ ۚ وَالَّذِي تَوَلَّىٰ كِبْرَهُ مِنْهُمْ لَهُ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿١١﴾

12 Yagéné, nalikané sira ngrungu iku, para mukmin lanang lan para mukmin wadon ora (banjur baé) nyana becik marang golongané dhéwé, lan padha calathu: iki tétéla pangamandaka.[1742]

لَّوْلَا إِذْ سَمِعْتُمُوهُ ظَنَّ الْمُؤْمِنُونَ وَالْمُؤْمِنَاتُ بِأَنفُسِهِمْ خَيْرًا وَقَالُوا هَٰذَا إِفْكٌ مُّبِينٌ ﴿١٢﴾

13 Yagéné dhèwèké padha ora anekakaké saksi ingatasé prakara iki? Lah sarèhning padha ora anekakaké saksi-saksi, mulané dhèwèké iku tumrapé Allah padha wong goroh.[1743]

لَّوْلَا جَاءُوا عَلَيْهِ بِأَرْبَعَةِ شُهَدَاءَ ۚ فَإِذْ لَمْ يَأْتُوا بِالشُّهَدَاءِ فَأُولَٰئِكَ عِندَ اللَّهِ هُمُ الْكَاذِبُونَ ﴿١٣﴾

14 Lan yèn ta ora anaa lubèring paparingé Allah sarta wilasa-Né marang sira ing donya lan akhirat, amasthi siksa kang gedhé bakal angenani sira amarga saka anggonira padha nyatur ing prakara iku.

وَلَوْلَا فَضْلُ اللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ لَمَسَّكُمْ فِي مَا أَفَضْتُمْ فِيهِ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿١٤﴾

1741. Kacariyos ingkang dados benggol punika Abdullah bin Ubay bin Salul, gembongipun para munafèk (Bkh), awit piyambakipun punika ingkang damel-damel gogorohan sarta ingkang nyebar-nyebaraken pawartos doracara wau. Nanging manut hadits sanèsipun malih, ingkang dados benggol wau Hassan bin Sabit, juru-kidung, ingkang nalika sepuhipun lajeng dados wuta; lah inggih punika siksa ageng ingkang kadhawuhaken ing ngriki (Bkh).

1742. Boten wonten saksi satunggal-satunggala lan boten wonten kawontenan punapa, ingkang kénging kanggé angiyataken pawartos dora wau.

1743. Wonten ing dalem Islam, pidananipun lampah sèdhèng punika awrat sanget, milanipun kanggé netepaken lepatipun tiyang, kedah wonten pasaksi sakawan. Kula aturi mirsani ayat 4. Satunggaling tukang merdéni Quran golongan Nasrani mastani bilih pranataning angger-angger punika lugu namung mengku kajeng badhé kanggé nutupi awonipun Siti ‘Aisyah. Pranyata punika serangan ingkang nistha dhateng katulusanipun Kanjeng Nabi. Sadaya hadits sarujuk sami anerangaken, bilih fitnah dhateng Siti ‘Aisyah wau babar pisan atanpa waton. Saboten-botenipun sampun genah, bilih prakawisipun Siti ‘Aisyah wau boten wonten saksinipun satunggal-tunggala. Lah manawi makaten, punapa perlunipun déné Kanjeng Nabi ndadak mundhut saksi sakawan? Manawi punika mengku maksud badhé kanggé nutupi Siti ‘Aisyah, mundhut saksi satunggal kémawon rak malah langkung nyamleng. Nanging menggah ing sajatosipun rèhning dosa nerak wawalering kasucian Quran kaanggep dosa ageng, mila karsanipun Quran, nyebar-nyebaraken pawartos ingkang mitunani ing kasucianipun tiyang èstri, punika boten dipun kaparengaken sanget, kajawi ta manawi adhadhasar pasaksèn ingkang kiyat. Awit saking punika, mila nadyan pandalih ingkang sapélé pisan, janji gagayutan kaliyan pandalih èstri lan pangiwa, kedah wonten saksinipun sakawan. Kula aturi mirsani 4: 15, ingkang sampun dipun

15 Nalikané sira anampani prakara iku kalawan lisanira, sarta angucapaké kalawan cangkemira barang kang sira ora duwé kawruhé, tuwin sira padha ngira iku prakara sapélé, *kang mangka* tumrapé Allah (prakara) gedhé.

Ar. *lan*

إِذْ تَلَقَّوْنَهُ بِأَلْسِنَتِكُمْ وَتَقُولُونَ
بِأَفْوَاهِكُمْ مَّا لَيْسَ لَكُمْ بِهِ عِلْمٌ
وَّتَحْسَبُونَهُ هَيِّنًا ۖ وَّهُوَ عِنْدَ اللّٰهِ عَظِيمٌ ﴿١٥﴾

16 Lan yagéné nalika sira padha krungu prakara iku ora padha ngucap: ora pantes tumrapé iku yèn gunemana prakara iki; Mahasuci Tuwan punika! punika pangamandaka ingkang ageng?

وَلَوْلَا إِذْ سَمِعْتُمُوهُ قُلْتُمْ مَّا يَكُونُ
لَنَا أَنْ نَّتَكَلَّمَ بِهٰذَا ۖ سُبْحٰنَكَ هٰذَا
بُهْتَانٌ عَظِيمٌ ﴿١٦﴾

17 Allah amituturi sira, aja padha angambali papadhané iku salawasé, manawa sira iku padha wong mukmin.

يَعِظُكُمُ اللّٰهُ أَنْ تَعُودُوا لِمِثْلِهِ أَبَدًا
إِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِينَ ﴿١٧﴾

18 Lan Allah iku anerangaké timbalan-timbalan-É marang sira; sarta Allah iku Udani, Wicaksana.

وَيُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمُ الْاٰيٰتِ ۚ وَاللّٰهُ
عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿١٨﴾

19 Sayekti, para wong kang padha dhemen marang warataning warta pangala-ala tumrap para kang padha iman, iku bakal olèh siksa kang lara ana ing donya lan akhirat; lan Allah iku anguningani, sarta sira iku padha ora weruh.

إِنَّ الَّذِينَ يُحِبُّونَ أَنْ تَشِيعَ الْفَاحِشَةُ
فِي الَّذِينَ اٰمَنُوا لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ۙ
فِي الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ ۚ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ
وَأَنْتُمْ لَا تَعْلَمُونَ ﴿١٩﴾

20 Lan lamun ta ora ana lubèring kamurahaning Allah sarta wilasa-Né marang sira, lan Allah iku Tresna, Mahaasih.

وَلَوْلَا فَضْلُ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُ
وَأَنَّ اللّٰهَ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿٢٠﴾

RUKU’ 3

Tiyang ingkang sami angamandaka angawon-awon tiyang èstri

21, 22. Ingkang ngawon-awon Siti ‘Aisyah dipun apunten. 23-26. Ingkang angawon-awon tiyang èstri dipun ukum.

akeni bilih tumurunipun sampun langkung rumiyin. Punika anedahaken, sapinten genging anggènipun Islam ngaosi dhateng katulusanipun tiyang èstri.

21 É, para kang padha angèstu! Aja padha manut dadalaning sétan; lan sapa sing miturut dadalaning sétan, lah sayekti dhèwèké iku aparéntah marang laku asor lan laku ala; lan lamun ta ora anaa lubèring kamurahaning Allah sarta wilasa-Né marang sira, sira salawasé ora bakal ana siji-sijia sing suci, ananging Allah anucèkaké sapa sing dadi kepareng-É; lan Allah iku Miyarsa, Udani.[1744]

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَتَّبِعُوا۟ خُطُوَٰتِ
ٱلشَّيْطَٰنِ ۚ وَمَن يَتَّبِعْ خُطُوَٰتِ ٱلشَّيْطَٰنِ
فَإِنَّهُۥ يَأْمُرُ بِٱلْفَحْشَآءِ وَٱلْمُنكَرِ ۚ
وَلَوْلَا فَضْلُ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَتُهُۥ
مَا زَكَىٰ مِنكُم مِّنْ أَحَدٍ أَبَدًا وَلَٰكِنَّ
ٱللَّهَ يُزَكِّى مَن يَشَآءُ ۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٢١﴾

22 Lan sira kang padha kasinungan lubèring kamurahan sarta kaombèran aja prasapa ora bakal wèwèh marang krabat lan para miskin sarta para kang *mlayu* ing dadalaning Allah, sarta becik padha ngapuraa tuwin dipadha *momot.* Apa ta sira ora dhemen yèn Allah iku angapura marang sira lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[1745]

Ut. *ngili*

Ut. *jembar sagarané*

Ut. *nglumuhi, muwung*

وَلَا يَأْتَلِ أُو۟لُوا۟ ٱلْفَضْلِ مِنكُمْ وَٱلسَّعَةِ
أَن يُؤْتُوٓا۟ أُو۟لِى ٱلْقُرْبَىٰ وَٱلْمَسَٰكِينَ
وَٱلْمُهَٰجِرِينَ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ ۖ وَلْيَعْفُوا۟
وَلْيَصْفَحُوٓا۟ ۗ أَلَا تُحِبُّونَ أَن يَغْفِرَ
ٱللَّهُ لَكُمْ ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٢٢﴾

23 Sayekti, para kang padha andalih sèdhèng marang para wong wadon mukmin kang kareksa kang ora anggagas (laku ala), iku ana ing donya lan akhirat padha dila'nati sarta padha olèh siksa kang gedhé.[1746]

إِنَّ ٱلَّذِينَ يَرْمُونَ ٱلْمُحْصَنَٰتِ ٱلْغَٰفِلَٰتِ
ٱلْمُؤْمِنَٰتِ لُعِنُوا۟ فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةِ
وَلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيمٌ ﴿٢٣﴾

1744. Dhawuh punika anedahaken, bilih para sahabatipun Kanjeng Nabi Suci punika sinucèkaken saking dosa awit saking nugraha utawi lubèring kamurahanipun Allah, kapintonaken lumantar Nabi-Nipun.

1745. Punika dhawuh ingkang sakalangkung wigatos. Adhadhasar hadits ingkang kénging pinitados sanget, para mufasir sami sarujuk amastani, bilih tumurunipun ayat punika gagayutan kaliyan tindakipun Bagéndha Abu Bakar, awit panjenenganipun wau prasapa boten badhé nyukani papancèn tedha dhateng salah satunggaling krabatipun ingkang nama Misthah jalaran piyambakipun punika tumut-tumut nyebaraken pawartos dora ing bab Siti 'Aisyah (Bkh). Sapisan, dhawuh punika anedahaken momoting penggalihipun Kanjeng Nabi, inggih punika: ing sasampunipun matrapaken pidana manut panataning angger-angger hukum dhateng tiyang ingkang dosa, panjenenganipun kaawisan boten kénging ngendhem cipta awon dhateng piyambakipun, sarta dalasan dhateng tiyang ingkang ngawon-awon garwanipun pisan, panjenenganipun boten kénging ngendhem panggalih sereng. Dalasan para sahabatipun ugi kadhawuhan déning dhawuh punika, supados sami nyaèni saha ngapunten

1746. *Mirsanana kaca candhakipun.*

24 Ing dinané lisan-lisané lan tangan-tangané sarta sikil-sikilé padha neksèni *angrubuhi* dhèwèkè ing barang kang padha dilakoni.[1747]

Ar. *ingatasé*

يَوْمَ تَشْهَدُ عَلَيْهِمْ أَلْسِنَتُهُمْ وَأَيْدِيهِمْ وَأَرْجُلُهُمْ بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٢٤﴾

25 Ing dina iku Allah bakal aparing *liliru* ganep kalawan apa beneré marang dhèwèké sarta dhèwèké bakal padha weruh, manawa *Allah* iku Kasunyatan kang tétéla.

Ut. *wawales*
Ar. *Allah, Panjenengané*

يَوْمَئِذٍ يُوَفِّيهِمُ اللَّهُ دِينَهُمُ الْحَقَّ وَيَعْلَمُونَ أَنَّ اللَّهَ هُوَ الْحَقُّ الْمُبِينُ ﴿٢٥﴾

26 Jejember iku tumrap para si jember, sarta para si jember iku tumrap jejember, lan barang-barang apik iku tumrap para si apik sarta para si apik tumrap barang-barang sing apik; iki *adoh* saka apa kang padha diucapaké; bakal padha olèh pangapura sarta rijeki kang minulya.[1748]

Ut. *resik*
Ut. *lebaran*

الْخَبِيثَاتُ لِلْخَبِيثِينَ وَالْخَبِيثُونَ لِلْخَبِيثَاتِ ۖ وَالطَّيِّبَاتُ لِلطَّيِّبِينَ وَالطَّيِّبُونَ لِلطَّيِّبَاتِ ۚ أُولَٰئِكَ مُبَرَّءُونَ مِمَّا يَقُولُونَ ۖ لَهُمْ مَغْفِرَةٌ وَرِزْقٌ كَرِيمٌ ﴿٢٦﴾

RUKU' 4

Tatanan minangka pambirating lampah bandrèk sarta pangawon-awon

27-29. Boten kénging malebet ing griya tanpa idin. 30, 31. Lalayanan ingkang kareksa antawisipun jaler lan èstri. 32. Sesémahan punika langkung pinilih tinimbang tanpa sisihan. 33, 34. Amegeng dhiri, manawi boten saged sémah.

---

dhateng para titiyang wau. Kaping kalihipun, dhawuh punika mangandikakaken Bagéndha Abu Bakar, nadyan boten nyebutaken asmanipun, nanging kalayan dhawuh ingkang mungel: *wong kang kasinungan lubèring kamurahan sarta kaombèran*; ingkang dipun karsakaken *kasinungan lubèring kamurahan* punika luhuring bubudèn tuwin ruhaniyahipun Bagéndha Abu Bakar, déné *kaombèran* punika kasugihanipun Bagéndha Abu Bakar.

1746. Punika tumuju dhateng para-titiyang ingkang kalajeng-lajeng nyebar-nyebaraken pawartos awon ing babagan tiyang èstri ingkang suci, inggih punika para tukang-anggedobrol wonten ing sadhéngah babrayan. Prayogi dipun pèngeti, kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat ingkang sampun, para ingkang sami ngawon-awon Siti 'Aisyah punika sami dipun apunten dosanipun.

1747. Pasaksinipun anggotaning badan, punika tarkadhang wonten ing gesang sapunika punika ugi sampun aneksèni lumawan para ingkang sami atindak awon, inggih punika maujud wohing awon ingkang sampun katindakaken. Ing dinten kiyamat, wohing pandamel awon punika badhé maujud cetha awewèntèhan. Ingkang makaten punika ugi kapratélakaken wonten ing ayat candhakipun, ingkang mangandikakaken bab paparingipun Pangéran wawales ingkang jangkep langkep kalayan punapa mesthinipun, sarta inggih kados makaten wau anggènipun dipun seksèni pandamel awon ingkang sampun katindakaken. Piwulang bab kiyamat ingkang samanten luhuripun, punika dèrèng naté wonten nalika jaman sadèrèngipun Quran Suci tumurun.

1748. Maksudipun dhawuh punika sadaya kapratélakaken wonten ing wekasaning dhawuh, inggih punika: boten wonten jejember satunggal punapa ingkang saged katumrapaken dhateng titiyang saé, sarta para-saé wau sami suci saking sawarnining barang ingkang kaucapaken déning para jember.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَدْخُلُوا۟ بُيُوتًا غَيْرَ بُيُوتِكُمْ حَتَّىٰ تَسْتَأْنِسُوا۟ وَتُسَلِّمُوا۟ عَلَىٰٓ أَهْلِهَا ۚ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ ٢٧

27 É, para kang padha angèstu! aja padha lumebu ing omah kang dudu omahira, (sarantèkna) tumeka panjalukira idin sarta anggonira uluk salam marang kang manggon ing kono; mangkono iku luwih becik tumrapé sira, supaya sira padha élinga.[1749]

فَإِن لَّمْ تَجِدُوا۟ فِيهَآ أَحَدًا فَلَا تَدْخُلُوهَا حَتَّىٰ يُؤْذَنَ لَكُمْ ۖ وَإِن قِيلَ لَكُمُ ٱرْجِعُوا۟ فَٱرْجِعُوا۟ ۖ هُوَ أَزْكَىٰ لَكُمْ ۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ عَلِيمٌ ٢٨

28 Nanging manawa sira ora katemu wong siji-sijia ing kono, iya aja sira lumebu mrono, (sarantèkna) nganti sira dililani. Lah manawa sira dicalathoni: Balia, iya padha balia; iki luwih suci tumrapé sira; lah Allah iku Udani marang apa kang padha sira lakoni.

لَّيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ أَن تَدْخُلُوا۟ بُيُوتًا غَيْرَ مَسْكُونَةٍ فِيهَا مَتَٰعٌ لَّكُمْ ۚ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ مَا تُبْدُونَ وَمَا تَكْتُمُونَ ٢٩

29 Ora dosa ingatasé sira manawa sira lumebua ing omah kang dudu omah dienggoni, kang kowé duwé kebutuhan ana ing kono; lan Allah iku angudanèni apa kang padha sira eblak lan apa kang padha sira singidaké.

قُل لِّلْمُؤْمِنِينَ يَغُضُّوا۟ مِنْ أَبْصَٰرِهِمْ وَيَحْفَظُوا۟ فُرُوجَهُمْ ۚ ذَٰلِكَ أَزْكَىٰ لَهُمْ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ خَبِيرٌۢ بِمَا يَصْنَعُونَ ٣٠

30 Calathua marang para mukmin lanang padha tumungkula pandelengé sarta padha rumeksaa kawirangané; mangkono iku luwih suci tumrap dhèwèké; sayekti Allah iku waspada marang apa kang padha dilakoni.[1750]

1749. Titiyang Arab manawi lumebet griya tanpa mawi nedha idin (Rz). Tatacara ingkang murang-tata punika dipun sirnakaken. Wondéné pranatan ingkang kawahyokaken wonten ing ayat punika, masang tatales ingkang mangka dhadhasaring katentreman miwah kaamananipun balé griya, ingkang perlu sanget kanggé nukulaken bebrayan ingkang langkung majeng. Pranatan punika pratandha ingkang cetha, bilih titiyangipun èstri kaum Muslimin punika tumrap kaum Muslimin dados amanat (titipan) ingkang ageng temenan. Kajawi punika ugi minangka sarana ambrasta pangawon-awon.

1750. Titiyang jaler kadhawuhan nungkulaken paningalipun; wonten ing ayat candhakipun, titiyang èsrtri inggih kadhawuhan nungkulaken paningalipun. Maksud wontenipun dhawuh punika, minangka kanggé sarana arnbrasta piawon ingkang saged angrisakaken sawarnining sasrawunganipun babrayan ingkang suci, inggih punika lampah zina. Quran boten namung nyegah piawon kémawon,, nanging inggih ugi nedahaken marginipun, ingkang manawi tiyang purun lumampah wonten ing ngriku mesthi saged nebihi piawon wau. Salajengipun, nitik suraosipun dhawuh punika, tétéla manawi titiyang ètri punika manawi perlu kekésahan boten dipun watesi awit saupami ingawisan babar pisan tiyang èstri boten kénging medal saking griyanipun yekti tiyang jaler boten kadhawuhan nungkulaken paningal-

وَقُل لِّلْمُؤْمِنَٰتِ يَغْضُضْنَ مِنْ أَبْصَٰرِهِنَّ
وَيَحْفَظْنَ فُرُوجَهُنَّ وَلَا يُبْدِينَ
زِينَتَهُنَّ إِلَّا مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَلْيَضْرِبْنَ

31 Lan calathua marang para mukmin wadon padha tumungkula pandelengé sarta padha rumeksaa kawirangané, lan aja padha angga-tonaké *papaèsé* kajaba apa kang adhakan pratéla;[1751] lan anganggoa

Ut. *(awak)* *papaèsé*

ipun. Menggahing sajatos-jatosipun ingkang kadhawuhaken Quran Suci punika, tiyang jaler lan tiyang èstri sami déné kedah nungkulaken paningalipun, murih manawi kapapag satunggal lan satungalipun, tiyang jaler boten lajeng mandeng dhateng tiyang èstri, makaten ugi tiyang èstri inggih boten lajeng mandeng dhateng tiyang jaler. Wonten ing babrayan ingkang tiyangipun èstri boten naté ngatingal wonten ing antawisipun tiyang kathah, dhawuh ingkang maréntahaken tiyang jaler kedah nungkulaken paningalipun, punika atanpa teges. Makaten ugi dhawuh saminipun punika, ingkang kadhawahaken dhateng titiyang èstri wonten ing ayat candhakipun, manawi tiyang èstri punika boten naté medal saking griyanipun, mesthi inggih atanpa paédah. Déné bab prakawis wates-watesipun *pardah utawi kukudhung*, katerangaken wonten ing katerangan candhakipun lan ugi katerangaken wonten ing 1989.

1751. Kanggé rumeksa sasambetaning tiyang jaler lan tiyang èstri, tuwin kanggé mekak srawunganipun jalu lan wanita ingkang sakalangkung mardika sanget, sapunika Quran maringi dhawuh sanèsipun malih minangka wewahaning dhawuh ingkang maréntahaken jaler lan èstri sami déné kedah nungkulaken paningalipun. Dhawuh ingkang sapérangan nyrambahi dhateng golongan kakalih inggih punika: kakalihipun kedah sami nungkulaken paningalipun, sarta kakalihipun kedah sami rumeksa dhateng nguratipun. Nanging tumrap tiyang èstri wonten pranatan sanès malih sawatawis ingkang kedah katindakaken. Déné dhawuh ingkang mligi magepokan kaliyan tiyang èstri, inggih punika: nyingidaken papaèsipun. Punapa tegesipun zinah utawi papaes punika, wonten pamanggih ingkang béda-béda. Miturut sawenèh ngulami, kaéndahaning badan punika kagolong *zinah*; miturut ngulami sanès-sanèsipun malih, ingkang kagolong zinah punika ngemungaken papaès lan rerenggan lahir kémawon (Rz). Péranganipun ayat ingkang wekasan mungel makaten: *lan aja padha anggedrugake sikilé mamrih diweruhano papaès kang sumamar*; ing ngriku ugi ngagem tembung zinah; lah punika kalayan terang ngiyataken pamanggih ingkang angka kalih wau, awit papaès ingkang saged kasumerepan sarana anggedrugaken suku, punika ngemungaken papaès lahir kémawon.Éwadéné sanadyan nganggé pamanggihipun para ngulami ingkang mastani kaéndahaning badan kagolong ing tegesipun tembung zinah, meksa kéngang-kénging kémawon tiyang èstri boten *anutupi tangan lan rainipun* (Rz) jalaran punika sampun kaiden ing dhawuh: kajaba apa kang adhakan pratéla; kajawi punika ugi mokal sagedipun, tiyang èstri tumandang ing damel punapa kémawon, manawi tangan lan rai wau kedah dipun tutupi. Déné péranganing badan sanès-sanèsipun dalah papaès ingkang wonten ing ngriku sami ugi punapa ingkang awujud panganggé ingkang singset punapa rerenggan mas salaka, kedah kasingidan sarana dipun tutupi kukudung tutup sirah ingkang nglawèr apanjang, utawi sarana manganggé panganggé sawarni rukuh upaminipun. Miturut Ks الا ما ظهر منها ingkang tegesipun wantah *kajaba pérangané iku kang katon*, punika ateges الا ماجرت العادة والجبلة على ظهوره jawinipun: *kajaba kang adaté lan mesthiné ora ditutupi.* Adat kalimrahanipun babarayan ingkang béda-béda, masthi kémawon kénging éwah gingsir, pranatan sawarni boten saged katetepaken kanggé sadayanipun. Manawi miturut Qaffal, tegsipun dhawuh wau makaten:

الا ما يظهره الانسان في عادة الجاريه وذلك في النساء الوجه والكفان

jawinipun: *kajaba kang adaté dikatonaké déning wong, déné tumrap wong wadon, kong mangkono iku rai lan tangane loro* (Rz}. Dados tiyang èstri makaten manawi medal ing jawi kedah manganggé panganggé ing njawi ingkang ngrukubi awakipun, utawi panganggé sawarni rukuh, déné rai lan tangan kénging boten dipun tutupi. Ngliga péranganing badan kados déné githok, dhadha, utawi lengen, punika boten kénging, makaten ugi ngatingalaken rerenggan inggih boten kénging, sami kémawon punapa rerenggan wau awujud papaès punapa awujud panganggé. Ngliga papaès punika namung dipun parengaken manawi wonten ing sangajengipun sawenèh krabatipun tuwin para warganing balégriya ingkang kaprinci-princi wonten ing ayat punika.

makenané nglembrèh tekan dhadhané,[1751A] sarta aja ngatonaké papaèsé kajaba marang lakiné, utawa bapak-bapakné, utawa bapak-bapaking lakiné, utawa anak-anaké lanang, utawa anak-anaké lanang lakiné, utawa saduluré lanang, utawa anak-anaké lanang sadulur-saduluré lanang, utawa anak-anaké lanang sadulur-saduluré wadon, utawa wong-wongé wadon, utawa kang kadarbé ing tangané tengen,[1752] utawa batur-batur lanang kang ora butuh (wadon), utawa bocah-bocah kang durung mangerti marang wawadining wong wadon; lan aja padha anggedrugaké sikilé *perlu meruhaké papaèsé* kang sumamar; lan padha tobata maring Allah, kabèh baé, é, para mukmin! supaya sira padha begja.

Ut. *mamrih diweruhana*
Ut. *(awak) papaèsé*

بِخُمُرِهِنَّ عَلَىٰ جُيُوبِهِنَّ ۖ وَلَا يُبْدِينَ
زِينَتَهُنَّ إِلَّا لِبُعُولَتِهِنَّ أَوْ آبَائِهِنَّ أَوْ آبَاءِ
بُعُولَتِهِنَّ أَوْ أَبْنَائِهِنَّ أَوْ أَبْنَاءِ بُعُولَتِهِنَّ
أَوْ إِخْوَانِهِنَّ أَوْ بَنِي إِخْوَانِهِنَّ أَوْ بَنِي
أَخَوَاتِهِنَّ أَوْ نِسَائِهِنَّ أَوْ مَا مَلَكَتْ
أَيْمَانُهُنَّ أَوِ التَّابِعِينَ غَيْرِ أُولِي الْإِرْبَةِ
مِنَ الرِّجَالِ أَوِ الطِّفْلِ الَّذِينَ لَمْ
يَظْهَرُوا عَلَىٰ عَوْرَاتِ النِّسَاءِ ۖ وَلَا يَضْرِبْنَ
بِأَرْجُلِهِنَّ لِيُعْلَمَ مَا يُخْفِينَ مِنْ زِينَتِهِنَّ ۚ
وَتُوبُوا إِلَى اللَّهِ جَمِيعًا أَيُّهَ الْمُؤْمِنُونَ
لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿٣١﴾

32 Lan padha anjodhokna sira kang padha legan, sarta batur-baturira lanang tuwin batur-baturira wadon kang padha becik; manawa dhèwèké padha kacingkrangan, Allah bakal anyukupi kacingkrangané dhèwèké saka lubèring kamura-han-É; lan Allah iku Jembar-paparingé, Angudanèni.[1753]

وَأَنْكِحُوا الْأَيَامَىٰ مِنْكُمْ وَالصَّالِحِينَ
مِنْ عِبَادِكُمْ وَإِمَائِكُمْ ۚ إِنْ يَكُونُوا
فُقَرَاءَ يُغْنِهِمُ اللَّهُ مِنْ فَضْلِهِ ۗ وَاللَّهُ
وَاسِعٌ عَلِيمٌ ﴿٣٢﴾

1751A. Sampun kula terangaken kados pundi maksudipun nganggé mekena (tutup sirah) nglèmbrèh nutupi dhadha punika. Tutup sirah kados déné ingkang dipun anggé para èstri ing tanah wétan, punika nutupi lengen, githok, tuwin jaja, makaten ugi nutupi papaès-papaès ingkang wonten ing talingan utawi ing gulu utawi ing dhadha. Lah inggih nutupi péranganing badan punika, ingkang kadhawuhaken ing ngriki kalayan dhawuh wewahan *tekan dhadhané* wau.

1752. *Wong-wongé wadon* kalebet ingkang dipun kejawèkaken ing ngriki, punika anedahaken. bilih tiyang èstri makaten kedahipun sampun. ngantos mardika sanget-sanget srawung kaliyan sadhéngah tiyang èstri, jalaran guguletan ing antawisipun tiyang èstri piyambak, janji boten mawi pilih-pilih, punika ugi dados tuking awon. ماملكت ايمانكم utawi *kang kadarbé ing tangané tengen* punika kawula réncang tumbasan, awit réncang tumbasan punika kaanggep warganing gotrah.

1753. Quran Suci nganggep sésémahan punika kawontenan ingkang sawantahipun (normal), milanipun Quran Suci andhawuhaken, ing sasaged-saged tiyang ingkang legan punika samia sésémahan. Makaten ugi Quran Suci inggih angarsakaken, supados réncang-tumbasan jaler lan èstri, punika inggih

33 Lan para kang padha ora éntuk *sisihan* padha rumeksaa marang kasucianing uripé, nganti Allah anyukupi kacingkrangané dhèwèké saka lubèring kamurahan-É.[1754] Wondéné sawenèhé para kang kadarbé ing tanganira tengen, kang padha anjaluk tulis, lah padha wènèhana tulis, manawa sira weruh dhèwèké iku padha ana beciké, sarta padha wènèhana bandhaning Allah, kang kaparingaké marang sira;[1755] lan aja sira meksa batur-batur tukonira wadon alaku ngiwa,

وَلْيَسْتَعْفِفِ الَّذِينَ لَا يَجِدُونَ نِكَاحًا
حَتَّىٰ يُغْنِيَهُمُ اللَّهُ مِن فَضْلِهِ ۗ وَالَّذِينَ
يَبْتَغُونَ الْكِتَابَ مِمَّا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ
فَكَاتِبُوهُمْ إِنْ عَلِمْتُمْ فِيهِمْ خَيْرًا ۖ
وَآتُوهُم مِّن مَّالِ اللَّهِ الَّذِي آتَاكُمْ ۚ
وَلَا تُكْرِهُوا فَتَيَاتِكُمْ عَلَى الْبِغَاءِ إِنْ

samia dipun émah-émahaken. Ngingah selir utawi ngingah laré èstri réncang-tumbasan ingkang boten kapendhet sémah punika terang sulaya kaliyan dhawuh punika. "Sebagai" agami Islam boten angrujuki lampah wadhat, wangsul nganggep dados tiyang sepuh (gadhah-anak) punika dados kawajibanipun sadhéngah tiyang. Ing antawising babrayanipun bangsa-bangsa ingkang sampun majeng ing jaman samangké punika, kathah tiyang ingkang boten purun nyangkul tanggelan-tanggelanipun dados tiyang sepuh, ingkang kanggé pawadan dupèh dèrèng kacekap sarananipun kanggé angopèni gotrah (anak-sémah). Quran anyirnakaken pawadan ingkang palsu punika kalayan sabda pangandika ingkang pasadya, makaten: *Manawa dhèwèké padha kacingkrangan, Allah bakal anyukupi kacingkrangané dhèwèké saka lubèring kamurahan-É.*

1754. Dados sésémahan makaten dados tatanan ingkang wajib wonten ing dalem Islam; ingkang kaluwaraken saking tatanan punika, ngemungaken tiyang ingkang boten angsal sisihan kémawon, utawi tiyang ingkang kakirangan sarana kanggé sésémahan. Dhawuh punika boten namung nyirnakaken watak kesèd kémawon, nanging kapara malah nanggel saéning budipakartinipun babrayan. Lah ing bab prakawis punika, ugi kacihna agami Islam punika dados nugraha tumrap ngalam sadaya. Ing Islam boten wonten palilah ingkang ngapsahaken prasetya wadat.

1755 Tembung *kitâb*, ingkang dipun jarwani *tulis*, kados ingkang kagem wonten ing ngriki punika, minangka dados gantosipun tembung *makâtabah*, inggih punika *isim masdar*-ipun tembung *katâba*, tegesipun: *dhèwèké* (réncang-tumbasan) *gawé layang prajanjian kang katulis* (utawi sanèsipun) *karo dhèwèké* (bandara), *aprajanji yèn dhèwèké* (réncang-tumbasan) *saguh bayar cacah kang tinamtu* m*inangka regané awaké, sarta manawa cacah mau wis kabayar dhèwèké dadi mardika* (Q-LL). Sarta ugi ateges *dhèwèké* (bandara) *gawé prajanji kang mangkono iku karo dhèwèké* (réncangipun tumbasan). Miturut Rz, mila winastan kitab (utawi seratan) amargi kalayan prajanjian wau pun bandara nancang ing wajib dhateng awakipun piyambak, déné arta wau kabayaraken kaliyan nicil, kaping kalih utawi langkung. Dados sawarnining kalonggaran ingkang sakinten mayar katindakaken dipun wonteni, murih pun réncang-tumbasan saged nebus kamardikanipun. Sanajan nalika jaman sadèrèngipun agami Islam lahir bandara damel prajanji kados makaten wau sampun tumindhak, suprandéné pambangunan ingkang nama wigatos punika Islam ingkang ngawontenaken, ngantos manawi pun réncang-tumbasan nedha dipun damelaken prajanjian ingkang kados makaten wau, pun bandara boten kénging suwala. Kalih welas abad kapengker ing sadèrèngipun wonten tiyang utawi umat ingkang macak ing hukum badhé mardikakaken kawula réncang-tumbasan, satunggaling tiyang ingkang dudunung wonten ing saganten wedhi sampun yasa tatanan ingkang adiluhung wau; manawi réncang-tumbasan nedha serat kamardikan, tiyang ingkang gadhah réncang-tumbasan wau kedah nyukani serat wau, malah boten namung kandheg samanten kémawon, nanging dalasan ingkang kanggé nebus kamardikanipun wau kedah dipun sudhiyani, tur boten mawi janji punapa-punapa kajawi *manawa* w*eruh dhèwèké iku padha ana beciké*, liripun manawi piyambakipun punika saged nyambut damel sarta saged ngupados panggesangan piyambak. Punapa ing jagad punika wonten panuntuning agami sanèsipun malih,

karana mamrih barang ora langgeng ing kauripan donya, manawa dhèwèké padha arep urip suci; lan sapa sing meksa dhèwèké, lah sayekti Allah iku, ing sawisé pamaksané marang dhèwèké, Aparamarta, Mahaasih.[1756]

أَرَدْنَ تَحَصُّنًا لِّتَبْتَغُوا عَرَضَ الْحَيٰوةِ
الدُّنْيَا ۚ وَمَنْ يُّكْرِههُّنَّ فَإِنَّ اللّٰهَ مِنْ
بَعْدِ إِكْرَاهِهِنَّ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿٣٣﴾

34 Lan sayekti, temen Ingsun wus anurunaké marang sira timbalan-timbalan kang cetha sarta kupiya saka para kang wus padha kaliwat ing sadurungira, apa déné pitutur tumrap para kang rumeksa dhiriné (saka ing ala).

وَلَقَدْ أَنْزَلْنَآ إِلَيْكُمْ اٰيٰتٍ مُّبَيِّنٰتٍ وَّ
مَثَلًا مِّنَ الَّذِيْنَ خَلَوْا مِنْ قَبْلِكُمْ
وَ مَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِيْنَ ﴿٣٤﴾

RUKU' 5

Wewedharing kanyataanipun Papadhanging Pangéran wonten ing Islam

35-38. Sampurnaning papadhangipun Pangéran wonten ing Islam. 39. Panglawan dhateng kasunyatan punika suka pangajeng-ajeng muspra, kados pepethan amun-amun. 40. Kakafiran punika sasaminipun kados pepeteng.

Ut. *calowokané tém-bok,* .... *Jeroné*

35 Allah iku papadhanging langit-langit lan bumi; sanépané papadhang-É kaya déné *cagak* kang ing *dhuwuré* ana damaré; damar iku ana ing sajroning gedhah, gedhahé iku kaya déné lintang kang gumebyar, diurubaké saka wit zaitun kang binarkahan, ora Wétanan lan ora Kulonan, kaya-kaya lengané iku amadhangi sanajan ora kagepok ing geni – cahya sadhuwuring cahya. Allah iku anuntun marang papadhang-É

اَللّٰهُ نُوْرُ السَّمٰوٰتِ وَ الْاَرْضِ ۚ مَثَلُ
نُوْرِهٖ كَمِشْكٰوةٍ فِيْهَا مِصْبَاحٌ ۚ اَلْمِصْبَاحُ
فِيْ زُجَاجَةٍ ۚ اَلزُّجَاجَةُ كَاَنَّهَا كَوْكَبٌ
دُرِّيٌّ يُّوْقَدُ مِنْ شَجَرَةٍ مُّبٰرَكَةٍ
زَيْتُوْنَةٍ لَّا شَرْقِيَّةٍ وَّ لَا غَرْبِيَّةٍ ۙ
يَّكَادُ زَيْتُهَا يُضِيْٓءُ وَلَوْ لَمْ تَمْسَسْهُ
نَارٌ ۚ نُوْرٌ عَلٰى نُوْرٍ ۚ يَهْدِي اللّٰهُ لِنُوْرِهٖ

ingkang masang angger-angger ingkang kados makaten wau kanggé mardikakaken réncang-tumbasan? Kajawi punika, kados déné ingkang kasebutaken ing 9: 60, nagari ugi katetep ing wajib nanjakaken sabagean saking arta zakat kanggé kaperluan punika.

1756. Dipun riwayataken bilih Abdullah bin Ubay, panuntunipun tiyang munafik ngingah lare èstri réncang-tumbasan nenem kanggé palanyahan (Rz). Tindak makaten punika ingkang wontenipun ing tanah Arab nalika jaman sadèrèngipun lahir agami Islam sajak sampun kalimrah, wonten ing dhawuh ngriki dipun lepataken sanget. Nanging mamala la'natipun babrayan ingkang adamel risak punika. inggih punika palanyahan, punika wonten ing saindhenging nagari-nagari Nasrani anggigilani sanget waradinipun, sarta kathah kémawon nagari-nagari ing Éropah ingkang ngapsahaken (nganggep apsah) palanyahan wau margi dipun anggep *awon ingkang perlu wontenipun* (*necessary evel* aliyas *noodzakelijk kwaad*), sarta ing nagari sanès-sanèsipun malih, palanyahan wau kalayan ngeblak dipun umbar kémawon, liripun boten dipun awisi.

sapa kang dadi kapareng-É, sarta Allah iku adamel sanépa-sanépa tumrap para manusa, lan Allah iku marang samubarang Angudanèni;[1757]

مَن يَشَآءُ ۚ وَيَضْرِبُ ٱللَّهُ ٱلْأَمْثَٰلَ لِلنَّاسِ ۗ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿٣٥﴾

36 Ing sajroning omah-omah, kang dikeparengaké déning Allah supaya linuhurna lan supaya ing kono asmané Panjenenganė sinebut-sebuta;[1758] ana ing kono Mahasucèkaké marang Panjenenganė ing wayah ésuk lan soré,

فِى بُيُوتٍ أَذِنَ ٱللَّهُ أَن تُرْفَعَ وَيُذْكَرَ فِيهَا ٱسْمُهُۥ يُسَبِّحُ لَهُۥ فِيهَا بِٱلْغُدُوِّ وَٱلْءَاصَالِ ﴿٣٦﴾

37 Wong-wong, kang dadagangan sarta dodolan ora bisa angéguhaké *atiné* saka éling marang Allah sarta anjumenengaké salat

Ar. *dhèwèké*

رِجَالٌ لَّا تُلْهِيهِمْ تِجَٰرَةٌ وَلَا بَيْعٌ عَن ذِكْرِ ٱللَّهِ وَإِقَامِ ٱلصَّلَوٰةِ وَإِيتَآءِ

1757. *Nur*, utawi *papadhang*, punika ingkang amedharaken barang-barang ingkang sumingid. Wondéné mila ing ngriki Allah sinebut *papadhanging langit-langit lan bumi*, punika jalaran inggih Panjenenganipun punika ingkang amedharaken saha ingkang nitahaken langit-langit lan bumi wau. Pratélan punika kasambetan ing sanépaning papadhangipun Pangéran, ingkang manawi kacundhukaken kaliyan ayat-ayat sambetipun ingkang gagandhèngan, terang-gamblang suraosipun, nanging manawi gagandhènganipun wau boten dipun wigatosaken, lastantun namung dados cangkriman kémawon.

Ing dalem sanépa candhakipun, Islam kasanépakaken kados déné papadhanging Pangéran; papadhang ingkang kapasang wonten ing cagak ingkang inggil, ngantos saindhenging jagad kasunaran ing cahyanipun: papadhang ingkang kareksa, sarana kapasang wonten ing salebeting gedhah, murih sumiliring samirana boten saged mejahi papadhang wau, papadhang ingkang cahyanipun sumunar-sumunar anelahi, ngantos gedhah ingkang dipun anggé wadhah wau kados déné lintang ingkang gumebyar cahyanipun. Kedah dipun pèngeti bilih asring kapangandikakaken wonten ing Quran Suci, agami Islam punika kasebut *papadhanging Pangéran*: "Dhèwèké padha karep arep nyirep papadhangé Allah kalawan lisan-lisane, nanging Allah ora marengaké, kajaba malah anyampurnakaké papadhang-É sanadyan para kafir padha gething" (9: 32, 61: 8). Dados ingkang kapangandikakaken ing sanépa papadhanging Pangéran, punika Islam. Zaitun ingkang binarkahan, tuking papalang wau, punika ing ngriki minangka pasemonipun agami Islam, boten prabéda lan tin punika dados pasemonipun agami Yahudi (kula aturi mirsani 2766). Zaitun ingkang binarkahan, ingkang minangka dados pasemonipun agami Islam, punika boten kagolong wétanan lan boten kagolong kilènan. Makaten ugi agami Islam, ingkang kedah suka papadhang dhateng wétan lan kilèn, punika inggih boten mligi kagolong wétan utawi kilèn. Sajakipun ingkang dipun karsakaken punika gathukipun dados satunggal wétan lan kilèn wonten ing dalem Islam, inggih punika piweca ingkang sapunikanipun mèh kelampahan, wiwit mangertosipun kilèn dhateng kayektèning piwulangipun agami Islam.

1758. Papadhanging Pangéran ingkang kapangandikakaken ing ayat ingkang sampun, kasebutaken wonten ing ngriki bilih pinanggih wonten ing griya-griya, ingkang sisipatanipun ingkang miyambaki griya-griya wau: ing ngriku asmanipun Allah sinebut. Dados punika anedahaken, bilih griya-griya wau griya-griyanipun para Muslimin, sarta inggih awit saking punika, mila tétéla bilih "papadhang" wau papadhangipun Islam. Salajengipun kapangandikakaken, bilih griya-griya punika nadyan ing sapunikanipun sarwa pasaja sanget, badhé dhateng masakalanipun *linuhuraken*, awit ingkang makaten punika sampun katamtokaken Allah. Kanyataanipun saèstu gubug-gubugipun ingkang sarwa pasaja bangsa Arab ingkang dudunung ing saganten wedi, linuhuraken dados kadaton-kadatonipun para raja, punika sampun cekap kanggé ing kayektèning piweca ingkang anggumunaken punika.

tuwin awèh zakat;[1759] dhèwèké padha wedi marang dina, kang ing kono ati-ati sarta pandeleng-pandeleng padha amalik;

الزَّكٰوةِ ۙ يَخَافُوْنَ يَوْمًا تَتَقَلَّبُ فِيْهِ
الْقُلُوْبُ وَالْاَبْصَارُ ﴿۳۷﴾

38 Supaya Allah bakal aparing wawales kang becik banget marang dhèwèké (déning) barang kang wus padha dilakoni, sarta amewahi lubèring paparingé marang dhèwèké lan Allah amaringi rijeki sapa kang dadi kaparenging karsa-Né kalawan tanpa pétungan.

لِيَجْزِيَهُمُ اللّٰهُ اَحْسَنَ مَا عَمِلُوْا وَيَزِيْدَهُمْ
مِّنْ فَضْلِهٖ ۗ وَاللّٰهُ يَرْزُقُ مَنْ يَّشَآءُ
بِغَيْرِ حِسَابٍ ﴿۳۸﴾

39 Wondéné para kang padha kafir, iku panggawéné, kaya déné pepethan amun-amun ing sagara wedhi, kang wong kasatan nyana iku banyu; nganti samangsané wis tumeka ing kono, tinemu iku dudu apa-apa; lan ana ing kono dhèwèké katemu Allah, tumuli marang dhèwèké Panjenengané aparing liliru ganep pétunganė; lan Allah iku rikat ing pangétung:

وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اَعْمَالُهُمْ كَسَرَابٍۭ
بِقِيْعَةٍ يَّحْسَبُهُ الظَّمْاٰنُ مَآءً ۗ حَتّٰٓى
اِذَا جَآءَهٗ لَمْ يَجِدْهُ شَيْـًٔا وَّوَجَدَ اللّٰهَ
عِنْدَهٗ فَوَفّٰىهُ حِسَابَهٗ ۗ وَاللّٰهُ
سَرِيْعُ الْحِسَابِ ﴿۳۹﴾

40 Utawa kaya déné pepeteng lilimengan ana ing sagara kang jero: alun anutup iku, sadhuwuré iku alun manèh, sadhuwuré iku mendhung, (lalapisaning) pepeteng lilimengan *matumpa-tumpa*; manawa angetokaké tanganė, iku mèh ora bisa katon; lan sapa sing ora diparingi papadhang déning Allah, lah ya ora olèh papadhang.[1760]

Ar. *sawenèhé sadhuwuré kang sawenèh*

اَوْ كَظُلُمٰتٍ فِيْ بَحْرٍ لُّجِّيٍّ يَّغْشٰىهُ مَوْجٌ
مِّنْ فَوْقِهٖ مَوْجٌ مِّنْ فَوْقِهٖ سَحَابٌ ۗ
ظُلُمٰتٌۢ بَعْضُهَا فَوْقَ بَعْضٍ ۗ اِذَآ اَخْرَجَ
يَدَهٗ لَمْ يَكَدْ يَرٰىهَا ۗ وَمَنْ لَّمْ
يَجْعَلِ اللّٰهُ لَهٗ نُوْرًا فَمَا لَهٗ مِنْ نُّوْرٍ ﴿۴۰﴾

1759. Lajenging sisifatanipun griya-griya wau, saya anyethakaken malih maksudipun dhawuh. Ing griya-griya wau Allah dipun mahasucèkaken ing wanci ènjing lan sonten, dados tétéla bilih griya-griya wau boten sanès inggih griya-griyanipun para Muslimin, jalaran salat lan zakat punika sisifatanipun Islam ingkang miyambaki. Ing griya-griya ngriku wonten titiyangipun, ingkang pakaryanipun among dagang, amargi kasebutaken bilih dadagangan boten saged angéguhaken piyambakipun saking anggènipun émut ing Allah. Lah terang manawi punika para sahabat ingkang sami lumajeng saking Makkah kaliyan Kanjeng Nabi Suci, awit inggih para sahabat wau ingkang sami adadagangan. Panglawan dhateng papadhang punika, sarta temahan-ipun panglawan wau, katerangaken wonten ing ayat kakalih ing wekasanipun ruku' punika.

1760. Rèhning dhawuh ing wiwitaning ruku' anggambaraken papadhanging Pangéran ingkang

RUKU' 6

Wedharing Kawasanipun Pangéran

41-44. Pratandha teteping karatonipun Allah. 45, 46. Tundha-tundhanipun titahing Allah. 47-50. Ingkang tipis imanipun sami ambalik.

41 Apa sira ora weruh yèn Allah iku, sakèhé kang ana ing langit-langit lan bumi padha mahasucèkaké Panjenengané, *mangkono uga* manuk-manuk kang ambèbèr suwiwi?[a] Panjenengané temen angudanèni salaté siji-sijiné sarta anggoné mahasucèkaké, lan Allah iku Udani marang sabarang kang padha dilakoni.

Ar. *lan*

a. 1327

أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللّٰهَ يُسَبِّحُ لَهُ مَنْ فِي
السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ وَالطَّيْرُ صٰٓفّٰتٍ ۖ
كُلٌّ قَدْ عَلِمَ صَلَاتَهُ وَتَسْبِيحَهُ ۗ
وَاللّٰهُ عَلِيمٌ بِمَا يَفْعَلُونَ ﴿٤١﴾

42 Lan kagunganing Allah karatoning langit-langit lan bumi iku sarta tumeka ing Allah wekasaning laku iku.[1761]

وَلِلّٰهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ ۚ
وَإِلَى اللّٰهِ الْمَصِيرُ ﴿٤٢﴾

43 Apa sira ora weruh, yèn Allah iku anggiring mendhung, iku banjur padha dikalumpukaké, tumuli didadèkaké tumpa-matumpa, wasana sira weruh udan metu saka ing satengahé? Lan Panjenengané anurunaké *saka mendhung kang (kaya) gunung, ing kono ana udané woh,* iku ditibakaké marang sapa kang dadi kaparenging karsa-Né sarta dièngokaké saka apa kang dadi kaparenging karsan-Né; mèh baé calèrèting kilat-É nyamber ing pandeleng.[1762]

Ar. *udan woh saha mendhung kang (kaya) gunung*

أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللّٰهَ يُزْجِي سَحَابًا ثُمَّ يُؤَلِّفُ
بَيْنَهُ ثُمَّ يَجْعَلُهُ رُكَامًا فَتَرَى الْوَدْقَ
يَخْرُجُ مِنْ خِلٰلِهِ ۚ وَيُنَزِّلُ مِنَ السَّمَآءِ
مِنْ جِبَالٍ فِيهَا مِنْ بَرَدٍ فَيُصِيبُ بِهِ
مَنْ يَشَآءُ وَيَصْرِفُهُ عَنْ مَّنْ يَشَآءُ ۗ
يَكَادُ سَنَا بَرْقِهِ يَذْهَبُ بِالْأَبْصَارِ ﴿٤٣﴾

gumebyar anelahi, ingkang kaparingaken dhateng para angèstu, mila dhawuh ing wekasaning ruku' lajeng anerangaken pepetenging semang lan kabodhoan ingkang alilimengan, ingkang anglimputi para kafir. Anggènipun sajak angsal damel kasanépakaken namung kados déné pepetan amun-amun, manawi piyambakipun boten sami kacinthung ing pepethan wau, piyambakipun mesthi lajeng rumaos anggènipun sami dumunung wonten ing salebeting pepeteng, muk-mukan boten saged ningali punapa-punapa.

1761. Ayat punika lan ayat ingkang sampun, punika mratélakaken jumenengipun karatoning Islam.

1762. Ayat punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng tumuwuhing kamajenganipun Islam ingkang kalayan sarenti lan alon, sarta dhawuh anggatosaken dhateng sawenèh kacilakan ingkang

44 Allah iku ambolak-balèkaké wengi lan rina; sayekti, ing kono iku temen ana wulang-wuruk tumrap kang padha duwé pandeleng.

يُقَلِّبُ اللّٰهُ الَّيْلَ وَالنَّهَارَ ۗ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَعِبْرَةً لِّاُولِى الْاَبْصَارِ ﴿٤٤﴾

a. 1626

45 Lan Allah iku anitahaké sarupaning titah kang urip saka ing banyu:[a] lah sawenèhé ana kang lumaku sarana wetengé, lan sawenèhé ana kang lumaku sarana sikil loro, lan sawenèhé ana kang lumaku sarana papat; lan Allah iku anitahaké apa sakarsa-Né; sayekti Allah iku marang samubarang kawasa.

وَاللّٰهُ خَلَقَ كُلَّ دَآبَّةٍ مِّنْ مَّآءٍ ۚ فَمِنْهُمْ مَّنْ يَّمْشِيْ عَلٰى بَطْنِهٖ ۚ وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّمْشِيْ عَلٰى رِجْلَيْنِ ۚ وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّمْشِيْ عَلٰٓى اَرْبَعٍ ۗ يَخْلُقُ اللّٰهُ مَا يَشَآءُ ۗ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٤٥﴾

46 Sayekti Ingsun temen wus andhawuhaké timbalan-timbalan kang terang, lan Allah anuntun sapa kang dadi kaparenging karsa-Né marang dadalan kang bener.

لَقَدْ اَنْزَلْنَآ اٰيٰتٍ مُّبَيِّنٰتٍ ۗ وَاللّٰهُ يَهْدِيْ مَنْ يَّشَآءُ اِلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ﴿٤٦﴾

47 Lan dhèwèké padha calathu: Aku padha angèstu ing Allah lan ing Utusan sarta padha ambangun turut; tumuli, sawisé mangkono iku, dhèwèké kang sapantha padha ambalik, lan iki (pancèn) dudu wong angèstu.

وَيَقُوْلُوْنَ اٰمَنَّا بِاللّٰهِ وَبِالرَّسُوْلِ وَاَطَعْنَا ثُمَّ يَتَوَلّٰى فَرِيْقٌ مِّنْهُمْ مِّنْۢ بَعْدِ ذٰلِكَ ۗ وَمَآ اُولٰٓئِكَ بِالْمُؤْمِنِيْنَ ﴿٤٧﴾

48 Lan samangsa dhèwèké padha diuwuh marang Allah lan utusan-É, supaya Panjenengané amancasi ing antarané, ing kono dhèwèké kang sapantha padha maléngos.

وَاِذَا دُعُوْٓا اِلَى اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ لِيَحْكُمَ بَيْنَهُمْ اِذَا فَرِيْقٌ مِّنْهُمْ مُّعْرِضُوْنَ ﴿٤٨﴾

49 Lan lamun bener iki anaa ing awaké, bakal padha tumeka marang Panjenengané klawan gagancangan ambangun-turut.

وَاِنْ يَّكُنْ لَّهُمُ الْحَقُّ يَأْتُوْٓا اِلَيْهِ مُذْعِنِيْنَ ﴿٤٩﴾

sampun dipun alami para kafir, ingkang ing ngriku punika piyambakipun saged nyipati tandha yektinipun ingkang terang badhé kamenanganipun Islam ingkang wekasan.

a. 24

50 Apa ing sajroning ati-atiné analalarané,[a] utawa padha semang-semang, utawa padha kuwatir, yèn Allah lan utusan-É bakal atindak ora bener marang dhèwèké? O, balik dhèwèké iku wong kang padha atindaka dudu.

أَفِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ أَمِ ارْتَابُوا أَمْ
يَخَافُونَ أَن يَحِيفَ اللَّهُ عَلَيْهِمْ وَ
رَسُولُهُ ۚ بَلْ أُولَٰئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ٥٠

RUKU' 7

Jumenenging karatonipun Islam

51, 52. Para ingkang ambangun turut badhé angsal kabegjan. 53, 54. Pambangun turut dipun paréntahaken. 55. Jumenenging karaton. 56, 57. Para kafir boten badhé angringkihaken Islam.

Ar. *calathu-né*

51 *Wangsulané* para mukmin nalikané padha diuwuh marang Allah lan utusan-É, supaya Panjenengané amancasi ing antarané, ora liya kajaba mung padha matur: kawula sami mireng saha kawula sami ambangun turut; lan dhèwèké iku wong kang padha begja.

إِنَّمَا كَانَ قَوْلَ الْمُؤْمِنِينَ إِذَا دُعُوا
إِلَى اللَّهِ وَرَسُولِهِ لِيَحْكُمَ بَيْنَهُمْ أَن
يَقُولُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا ۚ وَأُولَٰئِكَ
هُمُ الْمُفْلِحُونَ ٥١

52 Lan sapa sing ambangun turut ing Allah lan Utusan-É, sarta wedi ing Allah apa déné anjaga (kawajibané marang) Panjenengané, lah iya iki wong kang padha éntuk pakolih.

وَمَن يُطِعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَيَخْشَ
اللَّهَ وَيَتَّقْهِ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْفَائِزُونَ ٥٢

53 Lan dhèwèké padha sumpah kalawan (anebut asmaning) Allah akanthi sarosaning sumpahé, lamun ta padha sira paréntahi, amasti bakal padha metoni. Calathua: aja padha sumpah, (kang prayoga iku) pambangun turut akanthi pangawruh; sayekti, Allah iku waspada marang sabarang kang padha sira lakoni.

وَأَقْسَمُوا بِاللَّهِ جَهْدَ أَيْمَانِهِمْ لَئِنْ
أَمَرْتَهُمْ لَيَخْرُجُنَّ ۖ قُل لَّا تُقْسِمُوا ۖ طَاعَةٌ
مَّعْرُوفَةٌ ۚ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ ٥٣

54 Calathua: Padha ambangun turuta ing Allah sarta padha ambanganturuta ing Utusan; déné

قُلْ أَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ ۖ فَإِن

manawa sira padha maléngos, lah kang dadi sasanggané iku mung apa kang dibubuhaké, sarta kang dadi sasangganira iku (iya) apa kang dibubuhaké marang sira; lan manawa sira padha ambangun turut ing dhèwèké sira iku padha ana ing dadalan kang bener; lan ora liya sasangganing Utusan iku kajaba anekakaké (ayahan) kang cetha.

تَوَلَّوْا فَإِنَّمَا عَلَيْهِ مَا حُمِّلَ وَعَلَيْكُم مَّا حُمِّلْتُمْ ۖ وَإِن تُطِيعُوهُ تَهْتَدُوا ۚ وَمَا عَلَى الرَّسُولِ إِلَّا الْبَلَاغُ الْمُبِينُ ﴿٥٤﴾

55 Lan Allah wus aparing janji marang antaranira kang padha angèstu sarta alaku becik, mesthi bakal padha Didadèkaké *pamaréntah* ana ing bumi, kaya anggoné Panjenengané wus andadèkaké *pamaréntah* para ing sadurungé, lan amasthi Panjenengané bakal angukuhaké tumrap dhèwèké (adeging) agamané, kang wus *Dikaparengaké* tumrap dhèwèké, sarta amasthi ing sawisé dhèwèké *padha nandhang kuwatir* Panjenengané bakal anyalini santosa; dhèwèké bakal padha angabdi marang Ingsun, ora bakal anyakuthokaké apa-apa kalawan Ingsun; lan sapa sing *ora atur panuwun* sawisé mangkono iku, yaiku wong kang padha murang yekti.[1763]

Ut. *gegenti*
Ut. *gegenti*
Ut. *Dipilih*
Ar. *kuwatiré*
Ut. *angafiri*

وَعَدَ اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا مِنكُمْ وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَيَسْتَخْلِفَنَّهُمْ فِي الْأَرْضِ كَمَا اسْتَخْلَفَ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ وَلَيُمَكِّنَنَّ لَهُمْ دِينَهُمُ الَّذِي ارْتَضَىٰ لَهُمْ وَلَيُبَدِّلَنَّهُم مِّن بَعْدِ خَوْفِهِمْ أَمْنًا ۚ يَعْبُدُونَنِي لَا يُشْرِكُونَ بِي شَيْئًا ۚ وَمَن كَفَرَ بَعْدَ ذَٰلِكَ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْفَاسِقُونَ ﴿٥٥﴾

1763. Ayat punka boten namung mecakaken jumenengipun karatoning Islam kémawon, nanging ugi mecakaken langgengipun karaton wau. milanipun Khalifah utawi gegentosipun Kanjeng Nabi Suci badhé dipun jumenengaken, sarta kaum Muslimin kadadosaken umat ingkang maréntah wonten ing bumi. *Para ing sadurungé*, punika suraosipun ingkang khusus *pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Musa* (Bd), Nalika jaman tumurunipun surat punika, utawi ayat-ayat punika, agami Islam taksih kinepang wakul para mengsah; para angèstu taksih tansah ngandhut kuwatos, – kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat punika, – sarta panembah-brahala taksih menang wonten ing tanah Arab. Kamenanganipun Islam ingkang langkung rumiyin kawecakaken wonten ing dalem sanépa papadhangipun Pangéran, sarta ingkang salajengipun dipun sebutaken lahiripun ingkang kalayan sarenti, ing ngriki kadhawuhaken kalayan tembung ingkang terang gamblang saha ceplos: para angèstu badhé dipun dadosaken tiyang ingkang maréntah wonten tanah ingkang kajanjèkaken, utawi ingkang nyepeng papréntahan wonten ing nagari Arab; agaminipun badhé dipun jumenengaken kalayan tetep; kaamanan badhé dipun paringaken dhateng piyambakipun minangka gentosipun kakuwatosan; Kasawijènipun Pangéran badhé menang, boten wonten sesembahan sanès satunggal-tunggala ingkang

56 Padha anjumenengna salat sarta ambayara zakat tuwin padha ambangun-turuta Utusan, supaya sira padha pinaringan wilasa.

وَأَقِيمُوا الصَّلَوٰةَ وَآتُوا الزَّكَوٰةَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿٥٦﴾

57 Aja sira ngira, yèn para kang padha kafir iku ana ing bumi padha bisa oncat, sarta panggonané dhèwèké iku geni; lan temen ala panggonan iku.

لَا تَحْسَبَنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا مُعْجِزِينَ فِي الْأَرْضِ ۚ وَمَأْوَاهُمُ النَّارُ ۖ وَلَبِئْسَ الْمَصِيرُ ﴿٥٧﴾

RUKU' 8

Kedahipun sami angajèni dhateng 'wancinipun piyambak' tiyang sanès

58, 59. Wancinipun tiyang kedah miyambak. 60. Tiyang èstri ingkang sampun luwas boten perlu kedah miyambak. 61. Sasrawungan raket tumrap karabat celak sarta pawongipun.

58 É, para kang padha angèstu! para kang padha kadarbé ing tanganira tengen sarta para *bocahira* kang padha durung tumeka diwasa padha konen anjaluk idin marang sira telung rambahan: sadurungé

Ar. *saka antaranira*

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لِيَسْتَأْذِنْكُمُ الَّذِينَ مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ وَالَّذِينَ لَمْ يَبْلُغُوا الْحُلُمَ مِنْكُمْ ثَلَاثَ مَرَّاتٍ ۚ مِنْ

kasembah sasarengan kaliyan Allah ingkang sajati. Nugraha punika sadaya badhé dipun paringaken dhateng para Muslimin, nanging piyambakipun inggih kedah sukur (atur panuwun); kosokwangsulipun manawi ing sasampunipun makaten wau piyambakipun boten purun atur panuwun, lah piyambakipun mesthi badhé karengkuh kados déné tiyang ingkang murang-yekti. Rz nerangaken tembung *kufr* ing ngriki punika جحد حق هذه النعم jawinipun: *nyélaki hak-ipun nugraha punika*; utawi *boten atur panuwun*, amargi tembung kufr ingkang mengku teges *kafir* (boten purun angèstu), punika limrahipun mesthi sinambetaning *bâ* tuwin barang ingkang dipun kafiri. Suprandéné dipun tegesana ngafiri pisan, kados déné ingkang kasebutaken ing margin punika, meksa inggih ateges ngafiri nugrahanipun Pangéran, boten kok ngafiri pamaréntah utawi Khalifah.

Nadyan ingkang dipun karsakaken ing piweca ingkang kasebut ing ayat punika, badhé jumenengipun karatoning Islam sarta anggènipun para Muslimin badhé dipun dadosaken Khalifahipun titiyang Israil ing babagan Tanah Ingkang Kajanjèkaken, éwadéné piweca wau ugi kénging kasuraos mengku janjining Pangéran badhé anjumenengaken para juru-pambangun wonten ing antawisipun para Muslimin, kados déné ing antawisipun titiyang Israil inggih kajumenengan para nabi. Makaten punika janji ingkang kasebutaken ing hadits dhawuh pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci: "Sayekti Allah bakal anjumenengaké tumrap umat iki (inggih punika kaum Muslimin) ing saben-saben wiwitaning abad, wong kang nganyarake agamané." Awit saking punika pramila janji ingkang kaparingaken wonten ing ayat punika boten namung ing bab badhé jumenenging para khalifahipun dunyawi Kanjeng Nabi Suci kémawon, nanging ugi badhé jumenenging khalifahipun ruhani Kanjeng Nabi utawi para juru-pambangun (mujaddid). Kupiyanipun titiyang Israil – kados déné ingkang kawengku ing karsanipun ayat-ayat wau – ngibarati badhé rawuhipun satunggaling Masih wonten ing antawisipun titiyang Muslimin, kados déné ing antawisipun titiyang Israil inggih karawuhan Masih. Sarta inggih ayat punika ingkang dipun anggé wonten dakwahipun suwargi Mirza Gulam Ahmad ing Qadian, pandhirinipun Gerakan Ahmadiyah. Panjenenganipun dakwah dados mujaddid utawi juru-pambangun ing abad kaping kawanwelas Hijrah tuwin dados Masih-ipun titiyang Muslimin.

salat subuh, lan samangsa sira cucul panganggonira ing wayah awan, tuwin ing sawisé salat 'Isya'; iki waktu tetelu kanggo andhéwé tumrap marang sira; ora dosa tumrapé sira lan tumrapé dhèwèké saliyané (waktu) iki; sawenèhira mubeng (angladèni) marang sawenèhé; kaya mangkono Allah anggoné anggenahaké timbalan-timbalan marang sira; lan Allah iku Udani, Wicaksana.[1764]

قَبْلِ صَلٰوةِ الْفَجْرِ وَحِيْنَ تَضَعُوْنَ
ثِيَابَكُمْ مِّنَ الظَّهِيْرَةِ وَمِنْۢ بَعْدِ صَلٰوةِ
الْعِشَآءِ ۗ ثَلٰثُ عَوْرٰتٍ لَّكُمْ ۗ لَيْسَ
عَلَيْكُمْ وَلَا عَلَيْهِمْ جُنَاحٌۢ بَعْدَهُنَّ ۗ
طَوّٰفُوْنَ عَلَيْكُمْ بَعْضُكُمْ عَلٰى بَعْضٍ ۗ
كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمُ الْاٰيٰتِ ۗ
وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ﴿٥٨﴾

59 Lan samangsané bocah-bocahira padha tumeka diwasa, lah padha konen anjaluk idin kaya anggoné padha anjaluk idin para wong ing sadurungé; kaya mangkono Allah anggoné anggenahaké timbalan-timbalan-É marang sira, lan Allah iku Udani, Wicaksana.

وَاِذَا بَلَغَ الْاَطْفَالُ مِنْكُمُ الْحُلُمَ
فَلْيَسْتَاْذِنُوْا كَمَا اسْتَاْذَنَ الَّذِيْنَ مِنْ
قَبْلِهِمْ ۗ كَذٰلِكَ يُبَيِّنُ اللّٰهُ لَكُمْ اٰيٰتِهٖ ۗ
وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ حَكِيْمٌ ﴿٥٩﴾

60 Déné wong-wong wadon kang wis tuwa aluwas,[1765] kang ora bakal arep laki, lah ora dosa ingatasé dhèwèké yèn cucula panganggoné kalawan ora ngatonaké papaèsé; lan manawa dhèwèké dhéwé anyegah, iku luwih becik tumrap dhèwèké; lan Allah iku Miyarsa, Udani.

وَالْقَوَاعِدُ مِنَ النِّسَآءِ الّٰتِيْ لَا يَرْجُوْنَ
نِكَاحًا فَلَيْسَ عَلَيْهِنَّ جُنَاحٌ اَنْ يَّضَعْنَ
ثِيَابَهُنَّ غَيْرَ مُتَبَرِّجٰتٍۢ بِزِيْنَةٍ ۗ وَاَنْ
يَّسْتَعْفِفْنَ خَيْرٌ لَّهُنَّ ۗ وَاللّٰهُ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ﴿٦٠﴾

61 Ora cacad ingatasé wong wuta, lan ora cacad ingatasé wong lumpuh, sarta ora cacad ingatasé
Ar. *ora* wong lara[1766] tuwin *ora cacad*
Ar. *saha*

لَيْسَ عَلَى الْاَعْمٰى حَرَجٌ وَّلَا عَلَى الْاَعْرَجِ
حَرَجٌ وَّلَا عَلَى الْمَرِيْضِ حَرَجٌ وَّلَا عَلٰى

1764. Tatanan bab "wancinipun-miyambak" kanggé tiyang satunggal-satunggal lan kanggé tiyang sagotrah, punika perlu sanget kanggé nyaèkaken sasrawunganipun babrayan. Tanpa netepi tatanan punika, tamtu badhé mahanani wontenipun sawarnining pawartos dora, ingkang dados pakaremanipun para tukang damel fitnah, ingkang boten sanès angsal-angsalanipun kajawi namung badhé adamel crah wonten ing kalanganing babrayan.

1765. Qâ'id (manawi jama': qawâ'id) punika tegesipun tiyang èstri ingkang sampun boten saged ngandhut lan ingkang sampun boten anggarap sari (LL).

1766. Titiyang Arab sami gigu nedha sasarengan kaliyan tiyang wuta lan sasaminipun (Rz). Ing bab punika lekasipun titiyang Arab wau sami kaliyan titiyang Yahudi tuwin bangsa sanès-sanèsipun

ingatasé awakira, yèn ta sira padha mangana *ing* omah-omahira, utawa (ing) omah-omahé bapak-bapakira, utawa (ing) omah-omahé biyung-biyungira, utawa (ing) omah-omahé sadulur-sadulurira lanang, utawa (ing) omah-omahé sadulur-sadulurira wadon, utawa (ing) omah-omahé sadulur-saduluré lanang bapakira, utawa (ing) omah-omahé sadulur-saduluré wadon bapakira, utawa (ing) omah-omahé sadulur-sadulur lanang biyungira, utawa (ing) omah-omahé sadulur-saduluré wadon biyungira, utawa (ing) *omah* kang sorogé ana ing kuwasanira, utawa (ing omahé) mitranira. Lah ora dosa ingatasé sira, yèn sira padha mangan kembul utawa padha ijèn-ijèn. Lah samangsa sira malebu ing omah-omah, lah uluka salam marang wong-wongira kalawan pakurmatan saka ngarsaning Allah, kang binarkahan (lan) angresepaké; kaya mangkono Allah anggoné anggenahaké timbalan-timbalan marang sira, supaya sira padha ngerti.

Ar. *barang*

أَنفُسِكُمْ أَن تَأْكُلُوا مِنۢ بُيُوتِكُمْ أَوْ
بُيُوتِ ءَابَآئِكُمْ أَوْ بُيُوتِ أُمَّهَٰتِكُمْ أَوْ
بُيُوتِ إِخْوَٰنِكُمْ أَوْ بُيُوتِ أَخَوَٰتِكُمْ أَوْ
بُيُوتِ أَعْمَٰمِكُمْ أَوْ بُيُوتِ عَمَّٰتِكُمْ أَوْ
بُيُوتِ أَخْوَٰلِكُمْ أَوْ بُيُوتِ خَٰلَٰتِكُمْ أَوْ
مَا مَلَكْتُم مَّفَاتِحَهُۥٓ أَوْ صَدِيقِكُمْ ۚ
لَيْسَ عَلَيْكُمْ جُنَاحٌ أَن تَأْكُلُوا جَمِيعًا
أَوْ أَشْتَاتًا ۚ فَإِذَا دَخَلْتُم بُيُوتًا فَسَلِّمُوا
عَلَىٰٓ أَنفُسِكُمْ تَحِيَّةً مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ
مُبَٰرَكَةً طَيِّبَةً ۚ كَذَٰلِكَ يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمُ
ٱلْءَايَٰتِ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ﴿٦١﴾

RUKU' 9

Prakawis praja kedah dipun rumiyinaken katimbang sadaya prakawis dhiri

62. Wigatosipun prakawis praja. 63, 64. Panguwuhipun Kanjeng Nabi kedah dipun èstokaken kalayan tuhu-tuhu.

malih. Ngantos ing dinten sapunika ugi, titiyang Hindhu inggih miyambak manawi nedha. Islam maringi tatanan ingkang tengah-tengah, saha maringi kalonggaran ingkang sakalangkung ombèr ing babagan prakawis punika dhateng satunggal-satunggaling tiyang. Tiyang kéngang-kénging kémawon nedha piyambakan punapa sasarengan kaliyan tiyang sanès: nedha kaliyan tiyang gruwung lan sapanunggilanipun, inggih kénging, makaten ugi inggih kénging nedha wonten ing griyanipun karabat ingkang celak tuwin ing griyanipun mitra. Tatanan ing bab prakawis punika ingkang tharik-tharik ararampadan, kados déné ingkang tumindhak nalika jaman sadèrèngipun Islam, utawi ingkang lastantun tumindhak sapriki wonten ing babrayanipun titiyang Nasrani, boten dipun sayogyani Islam. Utawi suwakan bab cacadipun tiyang wuta, tiyang lumpuh lan tiyang sakit, punika kanthi mengku karsa nglepataken piwulang ingkang mastani, bilih cacad wau dipun sababaken déning ing nalika gesangipun ingkang sampun, amargi Islam boten angajengi sanget dhateng piwulang bab tumimbal lahiring jiwa. lslam ugi maringi tatanan ingkang ngidini sarawungan ingkang raket tumrap sawenèh prakawis.

62 Para mukmin iku mung para kang padha angèstu ing Allah lan Utusan-É sarta samangsa anyartani dhèwèké tumrap prakara wigati, ora padha anglungani, *kajaba yèn wis* anyuwun idin dhèwèké. Sayekti, para kang padha nyuwun idin marang sira, iku para kang padha angèstu ing Allah lan Utusan-É. Mulané samangsa dhèwèké padha nyuwun idin marang sira karana salah sawijining kabutuhané, sira iya ngidinana sapa sing dadi karepira sarta padha suwuna pangapura ing Allah; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

Ar. *nganti*

إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ الَّذِينَ آمَنُوا بِاللَّهِ
وَرَسُولِهِ وَإِذَا كَانُوا مَعَهُ عَلَىٰ أَمْرٍ
جَامِعٍ لَّمْ يَذْهَبُوا حَتَّىٰ يَسْتَأْذِنُوهُ ۚ إِنَّ
الَّذِينَ يَسْتَأْذِنُونَكَ أُولَٰئِكَ الَّذِينَ
يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ ۚ فَإِذَا اسْتَأْذَنُوكَ
لِبَعْضِ شَأْنِهِمْ فَأْذَن لِّمَن شِئْتَ مِنْهُمْ
وَاسْتَغْفِرْ لَهُمُ اللَّهَ ۚ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٦٢﴾

63 Aja sira padha nganggep panguwuhing Utusan ing antaranira iku kaya panguwuhé sawenèhira marang sawenèhé;[1767] temen Allah iku Angudanèni sawenèhira kang padha lolos kalawan salinthutan; mulané dingati-ati para kang padha *anyulayani* paréntahé, yèn padha kataman ing coba utawa padha kataman ing siksa kang nglarani.

Ut. *andaga*

لَّا تَجْعَلُوا دُعَاءَ الرَّسُولِ بَيْنَكُمْ كَدُعَاءِ
بَعْضِكُم بَعْضًا ۚ قَدْ يَعْلَمُ اللَّهُ الَّذِينَ
يَتَسَلَّلُونَ مِنكُمْ لِوَاذًا ۚ فَلْيَحْذَرِ الَّذِينَ
يُخَالِفُونَ عَنْ أَمْرِهِ أَن تُصِيبَهُمْ فِتْنَةٌ
أَوْ يُصِيبَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٦٣﴾

64 Lah, sayekti, kagunganė Allah sabarang kang ana ing langit-langit lan ing bumi iku; temen Panjenengané iku angudanèni kapriyé sikepira;[1768] lan ing dinané

أَلَا إِنَّ لِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۖ
قَدْ يَعْلَمُ مَا أَنتُمْ عَلَيْهِ وَيَوْمَ

1767. Tuwan Palmer lan tuwan Rodwell sami klèntu-tampi dhateng suraosipun ayat punika. Ayat punika boten kok mengku teges kados pundi kedahipun munjuk dhateng Kanjeng Nabi punika, wangsul anerangaken kados pundi caranipun nanggapi panguwuhipun Kanjeng Nabi. Sambeting ayat ngandhap lan nginggilipun, sampun anggenahaken ingkang makaten punika. Ayat ingkang sampun anerangaken, bilih sintena kémawon boten kénging medal pasilan tanpa idinipun Kanjeng Nabi, samangsa sami klempakan ngrembag prakawis ingkang wigatos, ingkang perlu dipun dhatengi para titiyang wau. Ayat sambetipun dhawuh punika sami suraosipun. Dados ingkang kadhawuhaken ing ngriki punika: panguwuhipun Kanjeng Nabi dhateng para angèstu kedah dipun aosi, sarta boten kénging namung dipun anggep kados déné panguwuhipun titiyang wau satunggal dhateng satunggalipun. Mila makaten jalaran panguwuhipun Kanjeng Nabi punika mesthi magepokan kaliyan prakawis wigatos, ingkang mahanani

1768. *Mirsanana kaca candhakipun.*

يُرْجَعُونَ إِلَيْهِ فَيُنَبِّئُهُم بِمَا عَمِلُوا ۗ
وَاللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ٦٤

dhèwèké bakal padha dibalèkaké marang Panjenengané, Panjenengané bakal banjur anjalèntrèhaké marang dhèwèké ing barang kang wus padha dilakoni; lan Allah iku marang samubarang Ngudanèni.

karaharjanipun umat, nanging manawi panguwuhipun titiyang wau satunggal dhateng satunggalipun, namung magepokan kaliyan prakawisipun piyambak-piyambak bangsanipun ingkang limrah-limrah kémawon.

1768. مَآ أَنتُمْ عَلَيْهِ punika tegesipun: karep lan tindak kang padha sira rujuki, liripun: apa sira iku temen-temen, apa mung lalamisan baé.

سُورَةُ الْفُرْقَانِ مَكِّيَّةٌ (٢٥)

SURAT 25

AL-FURQÂN

(*Panyilah*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*6 ruku', 77 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Juru pèpènget tumrap sadaya bangsa
Ruku' 2. Kayaktinipun pèpènget.
Ruku' 3. Dinten panyilah
Ruku' 4. Wulang-wuruk mirid saking pandumipun ummat ingkang rumiyin-rumiyin.
Ruku' 5. Wulang saking wasitaning ngalam.
Ruku' 6. Tumindhaking éwah-éwahan.

Namanipun, gathuking suraosipun tuwin titimangsaning tumurunipun

Surat punika dipun namakaken *Al-Furqân,* utawi *panyilah*; ing sageblengipun, surat punika éwonipun wahyu Makkiyah ingkang sepuh-sepuh. Kados déné ingkang kacetha wonten ing gathuking suraosipun, klèntu manawi ayat 68-70 punika kagolongaken wahyu Madaniyah. Piweca-piwecanipun ingkang akhir surat ingkang sampun, ingkang kalayan cetha anjajèkaken jumenengipun karatoning Islam, punika lajeng dipun sambeti piweca ingkang langkung sepuh, ingkang amecakaken dinten ageng *panyilah,* inggih punika dinten masakalanipun yakti lan panggorohan pilah kalayan cetha, ngantos sanajan sinawang saclèrètan kémawon sampun katingal ing agawang-gawang. Lah, ingkang makaten punika sampun kelampahan wonten ing paprangan Badr, ingkang wonten ing Quran Suci kasebut dinten panyilah (8: 41), sarta inggih punika dinten ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat 25 punika.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika kawiwitan kalayan dhawuh pratélan, bilih kautusipun Kanjeng Nabi Suci punika tumrap sadaya bangsa ing jagad. Minangka kateranganipun ingkang wekasan bab kasawijènipun Pangéran, Kasawijènipun Pangéran wau kedah manunggilaken sadaya bangsa tuwin ngrungkad sawarnining kamusyrikan (panembah-pangéran-kathah); kasawijènipun Pangéran lan manunggilipun sadaya manusa, kedah sasarengan. Para titiyang kafir mancahi dupèh Kanjeng Nabi punika manusa limrah; punika kaparingan wangsulanipun wonten ing wekasanipun ruku' ingkang kaping kalih, ingkang andhawuhaken bilih pèpènget punika yakti. Ruku' ingkang kaping tiga anedahaken bilih panyilah antawisipun awon lan saé punika ing wasananipun mesthi badhé dipun wontenakaen, sarta anyebutaken dinten panyilah wau. Pratélan umum punika dipun sambeti tuladhanipun ingkang melok, inggih punika nasib ingkang kasandhang umat ingkang rumiyin-rumiyin, ingkang sawenèhipun kasebutaken kalayan cekak wonten ing ruku' ingkang kaping sekawan, tuwin anggènipun para titiyang Makkah sami ambeguguk wonten ing sasar, punika dipun paringi pèpènget. Ruku' ingkang kaping gangsal dhawuh anggatosaken dhateng sawenèh kawontenan ing ngalam, ingkang suka pasaksi bilih sagung dumados punika kawengku ing angger,-angger,"tumuwuh saking sakedhik," ingkang anedahaken bilih sadaya angger-anggeripun Pangéran punika tumindhakipun kalayan adhadhasar wilasa; angger-angger punika asring kémawon kabetahaken kanggé ngèngetaken para titiyang ingkang salebetipun milawani ing yakti sami anggugujeng ing wontenipun siksa. Surat punika dipun pungkasi sarana mratélakaken kawulanipun Allah Ingkang-Mahamurah ingkang tulus. ingkang menggah ing sajatos-jatosipun punika dados titikanipun pambangunan ageng ingkang sampun wiwit tumindak.

RUKU' 1

Juru pèpènget tumrap sadaya bangsa

1. Ayahan tumrap saindhenging jagad. 2, 3. Mahatunggalipun Pangéran. 4-6. Quran Suci amedharaken kawruh ingkang lebet ingkang badhé kalampahan. 7-9. Kanjeng Nabi Suci dipun emohi sarta dipun wastani tiyang kranjingan.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Mahabarkah Panjenengané Kang wus anurunaké panyilah marang kawula-Né, supaya dhèwèké dadia juru-pépéling marang sakèhing bangsa;[1769]

تَبٰرَكَ الَّذِيْ نَزَّلَ الْفُرْقَانَ عَلٰى
عَبْدِهٖ لِيَكُوْنَ لِلْعٰلَمِيْنَ نَذِيْرًا ۙ﴿١﴾

2 Panjenengané, Kang kagungan karatoning langit-langit lan bumi, lan Kang ora mundhut putra, sarta Kang ora kagungan sakuthu ing dalem karaton iku, apa déné Kang anitahaké samubarang, banjur iki
Ut. *pinesthi* *tinamtu* kalawan *taker*.[1770]
Ut. *pepes-thèn*

الَّذِيْ لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَلَمْ
يَتَّخِذْ وَلَدًا وَّلَمْ يَكُنْ لَّهٗ شَرِيْكٌ فِي
الْمُلْكِ وَخَلَقَ كُلَّ شَيْءٍ فَقَدَّرَهٗ
تَقْدِيْرًا ﴿٢﴾

3 Lan dhèwèké padha ngalap sesembahan saliyané Panjenenganéné, kang padha ora anitahaké apa-
Ar. *lan* apa, *malah* padha tinitahaké, sarta padha ora bisa agawé pituna tuwin piguna tumrap awaké dhéwé,

وَاتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِهٖٓ اٰلِهَةً لَّا
يَخْلُقُوْنَ شَيْئًا وَّهُمْ يُخْلَقُوْنَ وَلَا
يَمْلِكُوْنَ لِاَنْفُسِهِمْ ضَرًّا وَّلَا نَفْعًا

1769. Panyilah punika, inggih punika simaning kakiyatanipun mengsah, ingkang nalika piweca-piweca punika kaundhangaken sakalangkung kiyat, ngantos sami amastani piweca-piweca punika pangayomanipun tiyang éwah. Babakan ingkang rumiyin piyambak remuking kakiyatanipun titiyang Quraisy, punika nalika perang Badr. Ing nalika punika wonten sanga panuntunipun ingkang remen damel wisuna nemahi tiwas. Déné sirnanipun babar pisan kakiyatanipun titiyang Quraisy, punika nalika bedhahipun nagari Makkah. Tandha yekti ingkang melok ing kayektènipun Kanjeng Nabi Suci ingkang makaten punika, sampun boten wonten semang-semangipun malih mesthi mahanani panjenenganipun sinebut juru pèpènget ingkang sajatos dhateng sagung para bangsa ing bumi punika. Tandhayekti punika boten pisan-pisan suda aosipun danguning mangsa. Perlu dipun pèngeti bilih kautusipun Kanjeng Nabi ingkang tumuju dhateng jagad sawegung punika kalayan terang kadhawuhaken wonten ing wahju Makkiyah jaman wiwitan punika.

1770. Kautusipun Kanjeng Nabi punika kanggé ing sajagad, awit panjenenganipun punika Dutaning Ratu ingkang karajanipun mradini ing saindhengipun jagad. Sarta margi saking agenging panguwaos-Ipun, Panjenenganipun kapareng badhé nyampurnakaken kanyataaning wahananipun piweca-piweca ingkang sampun kaundhangaken. Kalayan tetembungan ingkang cekak-aos ayat punika nglepataken sawarnining kamusyrikan (panembah-pangéran-kathah).

وَلَا يَمْلِكُوْنَ مَوْتًا وَّلَا حَيٰوةً وَّلَا نُشُوْرًا ﴿٣﴾

apa déné padha ora bisa anguwasani pati tuwin urip sarta ora bisa nangèkaké (wong mati).

وَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْٓا اِنْ هٰذَآ اِلَّآ اِفْكُ ۨ
افْتَرٰىهُ وَاَعَانَهٗ عَلَيْهِ قَوْمٌ اٰخَرُوْنَ ۚ
فَقَدْ جَآءُوْ ظُلْمًا وَّزُوْرًا ﴿٤﴾

4 Lan para kang padha kafir acalathu: Iki ora liya kajaba panggorohan gagawéané dhéwé, sarta ana wong liya kang padha ngréwangi dhèwèké ingatasé prakara iku; lah sayekti dhèwèké iku padha anglakoni tindak dudu sarta (pangucap) goroh.

وَقَالُوْٓا اَسَاطِيْرُ الْاَوَّلِيْنَ اكْتَتَبَهَا فَهِيَ
تُمْلٰى عَلَيْهِ بُكْرَةً وَّاَصِيْلًا ﴿٥﴾

5 Lan padha calathu: Dodongèngané para kuna – iku padha ditulisi – banjur iku diwacakaké marang dhèwèké ésuk lan soré.

قُلْ اَنْزَلَهُ الَّذِيْ يَعْلَمُ السِّرَّ فِى
السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ اِنَّهٗ كَانَ
غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿٦﴾

6 Dhawuha: Kang anurunaké iki, Iku Kang-angudanèni wawadi ing sajroning langit-langit lan bumi; sayekti Panjenengané iku salawasé tansah Aparamarta, Mahaasih.[1771]

وَقَالُوْا مَالِ هٰذَا الرَّسُوْلِ يَأْكُلُ
الطَّعَامَ وَيَمْشِيْ فِى الْاَسْوَاقِ ۗ لَوْلَآ
اُنْزِلَ اِلَيْهِ مَلَكٌ فَيَكُوْنَ مَعَهٗ نَذِيْرًا ﴿٧﴾

7 Lan padha calathu: Ana apa Utusan iki teka mangan panganan sarta lumaku ing pasar; yagéné ora ana malaikat diturunaké marang dhèwèké, supaya dadia kanthiné dadi juru-pépéling?[1772]

1771. Milanipun kayektèning piweca piwecanipun, punika mesthi badhé dados tandha yekti ingkang pratéla dhateng kayektèning wahyu saking Allah punika. Punika wangsulanipun pandalih-pandalih ingkang sampun kasebutaken ing ayat-ayat ingkang sampun.

1772. Sugengipun Kanjeng Nabi punika sugeng ingkang sakalangkung pasaja. Sadaya padamelanipun katindakaken piyambak. "Panjenenganipun ngréncangi garwa-garwanipun manawi sami anindakaken wajibipun tiyang gigriya, anjlumat pangagemanipun piyambak, nancang ménda, sarta ngantos karsa nambal tarumpahipun punapa" (Muir). Malah boten namung kados makaten kémawon; labet saking ambek paramartanipun saha lilalegawanipun, asring kémawon panjenenganipun nindakaken pandamelanipun tiyang sanès. Ing satunggaling wekdal, wonten satunggaling tiyang èstri boten saged nindakaken pandamelanipun piyambak, lajeng nyuwun dhateng panjenenganipun supados nuntun piyambakipun dhateng satunggaling margi; panjenenganipun lajeng ngréncangi tiyang èstri wau dhateng margi wau, sarta nilar èstri wau sareng sampun rampung pandamelanipun (Misykat). Awit saking punika mila titiyang kafir mastani panjenenganipun punika lumaku ing pasar. Panjenenganipun punika manusa, sarta inggih dhahar dhadhaharan limrah kados tedhanipun tiyang Arab ingkang pasaja. Inggih awit saking punika mila para kafir mastani panjenenganipun mangan panganan. Wangsulanipun punika kasebutaken wonten ing ayat 20, inggih punika: sadaya nabi punika manusa limrah sarta teluk

8 Utawa, (yagéné ora) ana bandha diturunaké marang dhèwèké utawa diparingi kebon, minangka pangané?[1773] Sarta para atindak dudu acalathu: Kowé iku ora liya kajaba manut wong kang *wus ilang akalé*.

Ut. *kena ing kemayan*

أَوْ يُلْقَىٰ إِلَيْهِ كَنْزٌ أَوْ تَكُونُ لَهُ جَنَّةٌ
يَأْكُلُ مِنْهَا ۚ وَقَالَ الظَّالِمُونَ إِنْ
تَتَّبِعُونَ إِلَّا رَجُلًا مَسْحُورًا ⑧

9 Delengen, kapriyé anggoné padha agawé sanépa tumrap marang sira, ananging dhèwèké padha sasar, mulané ora bakal padha bisa olèh dalan.[1774]

انْظُرْ كَيْفَ ضَرَبُوا لَكَ الْأَمْثَالَ فَضَلُّوا
فَلَا يَسْتَطِيعُونَ سَبِيلًا ⑨

RUKU' 2

Kayektènipun pèpènget

10. Kanjeng Nabi ngajeng-ajeng barang saé. 11-14. Wasananipun tiyang duraka punika lebur. 15, 16. Piwales dhateng para susatya. 17-19. Sesembahan palsu. 20. Sadaya nabi punika manusa.

10 Mahabarkah Panjenenganè Kang manawa dadi kaparenging karsa-Né, bakal aparing marang sira kang luwih becik tinimbang iki: patamanan kang ing *jeroné* kaliné padha mili, sarta Panjenenganè bakal aparing kadhaton-kadhaton marang sira.[1775]

Ar. *ngisoré*

تَبَارَكَ الَّذِي إِنْ شَاءَ جَعَلَ لَكَ خَيْرًا
مِنْ ذَٰلِكَ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا
الْأَنْهَارُ وَيَجْعَلْ لَكَ قُصُورًا ⑩

11 Balik dhèwèké iku padha anggorohaké marang *titimangsané*; lan tumrap marang sapa sing anggorohaké ing *titimangsa* iku Ingsun nyadhiyani geni murub.

Ar. *saat*

Ar. *saat*

بَلْ كَذَّبُوا بِالسَّاعَةِ ۖ وَأَعْتَدْنَا لِمَنْ
كَذَّبَ بِالسَّاعَةِ سَعِيرًا ⑪

---

dhateng angger-anggering kamanusan, inggih kados Kanjeng Nabi Suci makaten. Punika tandha ingkang terang gamblang, bilih bab ingkang kawarsitakaken ing Quran Suci punika sambet sinambet kalayan runtut.

1773. Bandha umpuk-umpukan sumèlèh wonten ing sangajenging para sahabatipun Kanjeng Nabi Suci, sarta piyambakipun sami kadadosaken gustinipun tanah Mesopotamia ingkang loh jinawi punika dalah taman-tamanipun; nanging sadaya punika kalampahanipun kalayan manut angger-anggeripun Pangéran, inggih punika: wahananipun piweca-piweca punika kanyataanipun kalayan sarenti, boten prabéda lan tumuwuhing samukawis ing dalem alam wadhag, punika inggih akalayan sarenti.

1774. Anggènipun badhé boten sami sumerep margi ingkang anjog ing kabegjan, utawi margi ingkang saged nguwalaken piyambakipun saking siksa ingkang kaancamaken, punika badhé dados pasaksèn anggènipun sami sasar.

1775. Kebon lan taman-tamanipun tanah Mesopotamia, kadhaton-kadhatonipun tanah Persi tuwin kadhaton-kadhatonipun para Keizer, sami kaparingaken dhateng para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi

إِذَا رَأَتْهُم مِّنْ مَّكَانٍۢ بَعِيدٍ سَمِعُوا لَهَا
تَغَيُّظًا وَّ زَفِيرًا ﴿١٢﴾

12 Nalika iki katon marang dhèwèké saka ing panggonan kang adoh, dhèwèké padha ngrungu kumrangsangé lan gumludhugé.

وَ إِذَآ أُلْقُوا مِنْهَا مَكَانًا ضَيِّقًا
مُّقَرَّنِينَ دَعَوْا هُنَالِكَ ثُبُورًا ﴿١٣﴾

13 Lan nalika padha dicemplungaké mrono ing papan kang rupek kalawan tinalikung, ing kono padha anguwuh ing karusakan.

لَا تَدْعُوا الْيَوْمَ ثُبُورًا وَّاحِدًا وَّادْعُوا
ثُبُورًا كَثِيرًا ﴿١٤﴾

14 Ing dina iki aja sira padha anguwuh ing karusakan sawiji, ananging anguwuha ing karusakan kang akèh.

قُلْ أَذٰلِكَ خَيْرٌ أَمْ جَنَّةُ الْخُلْدِ الَّتِي
وُعِدَ الْمُتَّقُونَ ۚ كَانَتْ لَهُمْ
جَزَآءً وَّ مَصِيرًا ﴿١٥﴾

15 Calathua: Apa iki (kang) luwih becik, apa taman kang langgeng, kang dijanjèkaké marang para kang anjaga dhiriné (saka ing ala)? Iku piwales sarta pangungsèn tumrap dhèwèké.

لَهُمْ فِيهَا مَا يَشَآءُونَ خٰلِدِينَ ۚ كَانَ
عَلٰى رَبِّكَ وَعْدًا مَّسْئُولًا ﴿١٦﴾

16 Ana ing kono bakal padha olèh apa kang dikarepaké, (ing kono) pamanggoné; iku sawijining janji (kang tetep) atas Pangéranira, kang kuduné disuwun.[1776]

وَ يَوْمَ يَحْشُرُهُمْ وَ مَا يَعْبُدُونَ مِنْ
دُونِ اللّٰهِ فَيَقُولُ ءَأَنْتُمْ أَضْلَلْتُمْ
عِبَادِي هٰٓؤُلَآءِ أَمْ هُمْ ضَلُّوا السَّبِيلَ ﴿١٧﴾

17 Lan ing dinané Panjenengané angimpun dhèwèké karo apa kang padha dikawulani saliyané Allah, Panjenengané banjur bakal ngandika: Apa kowé kang padha anasaraké kawula-Ku iki, apa dhèwèké dhéwé kang nasar saka ing dadalan?

قَالُوا سُبْحٰنَكَ مَا كَانَ يَنْبَغِي لَنَآ أَنْ نَّتَّخِذَ

18 Bakal padha munjuk: Mahasuci Tuwan punika! boten mungguh tumrapipun kawula yèn ta

Suci, minangka tandha-yakti ing kayektèning piweca punika. Miturut Mjd, ingkang dipun karsakaken punika: Suwarga ing akhirat saha kadhaton-kadhaton ing gesang punika-Rz:

جنات في الاخرة وقصورا في الدنيا

1776. Dhawuh punika mengku teges, bilih janji punika mesthi badhé dipun tetepi saèstu wahananipun.

مِنْ دُونِكَ مِنْ أَوْلِيَاءَ وَلَٰكِنْ مَتَّعْتَهُمْ وَآبَاءَهُمْ حَتَّىٰ نَسُوا الذِّكْرَ ۚ وَكَانُوا قَوْمًا بُورًا ﴿١٨﴾

angalapa pangayom-pangayoman sanèsipun Tuwan, ananging anggèn Tuwan amaringi kasenengan dhateng piyambakipun tuwin bapak-bapakipun ngantos sami anglirwakaken ing ènget sarta sami dados bangsa ingkang papa-cintraka.[1777]

فَقَدْ كَذَّبُوكُمْ بِمَا تَقُولُونَ فَمَا تَسْتَطِيعُونَ صَرْفًا وَلَا نَصْرًا ۚ وَمَنْ يَظْلِمْ مِنْكُمْ نُذِقْهُ عَذَابًا كَبِيرًا ﴿١٩﴾

19 Lah temen bakal padha anggorohaké sira marang apa calathunira, banjur sira ora bakal bisa amurungaké (siksané) sarta ora (bakal bisa) olèh pitulung; sarta sira sapa kang atindak dudu, bakal Ingsun icipaké siksa kang gedhé.

وَمَا أَرْسَلْنَا قَبْلَكَ مِنَ الْمُرْسَلِينَ إِلَّا إِنَّهُمْ لَيَأْكُلُونَ الطَّعَامَ وَيَمْشُونَ فِي الْأَسْوَاقِ ۗ وَجَعَلْنَا بَعْضَكُمْ لِبَعْضٍ فِتْنَةً أَتَصْبِرُونَ ۗ وَكَانَ رَبُّكَ بَصِيرًا ﴿٢٠﴾

20 Lan ora kena ora, Ingsun angutus para Utusan sadurungira iku masthi padha mangan pangan sarta padha lumaku ing pasar-pasar, apa déné Ingsun andadèkaké sawenèhira dadi coba tumrap sawenèhé. Apa sira bakal padha kuwat sabar? Lan Pangéranira iku tansah Amirsani.[1778]

JUZ XIX

RUKU' 3

Dinten panyilah

21, 22. Panyuwun siksa. 23, 24. Para duraka dipun pilahaken kaliyan para tulus. 25-29. Tandha-tandhanipun dinten panyilah. 30, 31. Angemohi sarta sikep amengsahi Quran Suci. 32. Wewedharing sabda punika saking sakedhik. 33. Wewedharing sabda ingkang sampurna. 34. Kawusananipun para duraka.

1777. Para tukang ngritik kathah ingkang sami nemahi lepat, samangsa sami nyukarta dhawuh bangsanipun ingkang kados makaten punika, anggènipun sami gadhah panginten, bilih atur wangsulan makaten wau nama wangsulan ingkang boten jangkep. Pancèn manawi namung dipun waos sagrambyangan, saged nuwuhaken pupuntoning pamanggih bilih pandangon wau dèrèng wonten wangsulanipun ingkang saleres-leresipun. Nanging tumrap dhadhawuhan bangsanipun ingkang kados makaten punika, Quran pancèn namung ngèngetaken bukti-bukti ingkang nélakaken, bilih pamanggih ingkang sulaya kaliyan bukti-bukti wau boten pinanggih ing nalar; kados pundi leresipun, para maosipun kedah ngupadosi piyambak. Minangka tuladha dhawuh punika, bukti-buktinipun kasebutaken makaten: “Boten mungguh tumrapipun kawula yèn ta angalapa pangayoman-pangayoman sanèsipun Tuwan.” Tiyang ingkang maos dhawuh pangandika punika kedah ngupadosi piyambak wohing dhawuh, inggih punika makaten: Manawi makaten, lah kados pundi saged kawula sami ngaken tiyang sanès supados nganggep sesembahan dhateng kula sami?

1778. Punika dhawuh dhateng para Muslimin supados sami kiyat sabar nandhang panganiayaning

21 Lan para kang padha ora angarep-arep sapatemon-Ingsun acalathu: yagéné ora ana malaikat tinurunaké marang aku, utawa (yagéné) aku padha ora andeleng Pangéranku? Sayekti temen banget padha gumedhé ing sajroning atiné sarta padha mirong kalawan pamirong kang gedhé.[1779]

وَقَالَ الَّذِينَ لَا يَرْجُونَ لِقَاءَنَا لَوْلَا أُنْزِلَ عَلَيْنَا الْمَلَائِكَةُ أَوْ نَرَىٰ رَبَّنَا ۗ لَقَدِ اسْتَكْبَرُوا فِي أَنْفُسِهِمْ وَعَتَوْ عُتُوًّا كَبِيرًا ﴿٢١﴾

22 Ing dinané dhèwèké bakal padha andeleng para malaikat, ing dina iku ora bakal ana warta bubungah tumrap para wong duraka, sarta (malaikat) bakal padha calathu: *Iku larangan*, *dilarangi babar pisan*.[1780]

Ut. *Dibuntoni kalawan pager kang rapet akukuh*

يَوْمَ يَرَوْنَ الْمَلَائِكَةَ لَا بُشْرَىٰ يَوْمَئِذٍ لِلْمُجْرِمِينَ وَيَقُولُونَ حِجْرًا مَحْجُورًا ﴿٢٢﴾

23 Lan Ingsun bakal tumapak marang panggawé apa kang wis padha dilakoni, banjur iku Ingsun dadèkaké endheg amun-amun.[1781]

وَقَدِمْنَا إِلَىٰ مَا عَمِلُوا مِنْ عَمَلٍ فَجَعَلْنَاهُ هَبَاءً مَنْثُورًا ﴿٢٣﴾

24 Para kang manggon ing taman, ing dina iku luwih becik padunungané sarta luwih becik palèrènané.

أَصْحَابُ الْجَنَّةِ يَوْمَئِذٍ خَيْرٌ مُسْتَقَرًّا وَأَحْسَنُ مَقِيلًا ﴿٢٤﴾

25 Ing dina bakal pecahing langit kalawan mendhung sarta para malaikat padha tumurun tinurunaké.[1782]

وَيَوْمَ تَشَقَّقُ السَّمَاءُ بِالْغَمَامِ وَنُزِّلَ الْمَلَائِكَةُ تَنْزِيلًا ﴿٢٥﴾

---

mengsah-mengsahipun, awit cobi punika sadaya badhé saged anyilahaken awon lan saé. Dhawuh ingkang wekasan minangka panglipur tumrap piyambakipun: Pangéranira iku tansah Amirsani lan mesthi bakal niksa para tukang nganiaya.

1779. Rawuhipun para malaikat lan Pangéran, punika ateges dhumawahipun siksa ingkang kaancamaken wonten ing Quran Suci. Ayat candhakipun anyethakaken ingkang makaten wau. Mirsanana ugi 268.

1780. Tembung حِجْرًا مَحْجُورًا punika saged dipun suraos warni kalih, sesa-sesa manut panyuraosipun, punapa punika dipun suraos kaucapaken malaikat punapa déning tiyang duraka. Manawi kasuraos kaucapaken malaikat, mengku teges bilih pawartos bibingah punika badhé dados barang awisan tumrap para tiyang duraka, dados sami kaliyan cariyos bilih para tiyang duraka wau badhé kasiksa. Déné manawa kasuraos kaucapaken tiyang duraka, tetembungan wau sawarni panyuwun wonten papager ingkang seged ngaling-ngalingi piyambakipun kaliyan siksa bubuhanipun. Teges ingkang angka kalih punika kasebutaken wonten ing margin.

1781. Sadaya pambudi-dayanipun titiyang Quraisy kadamel lebur atanpa dados nalika perang ing Badr.

1782. Katerangan dintenipun perang Badr punika ugi kasebutaken wonten ing 8: 11; ing ngriku

26 Ing dina iku karaton kalawan pranyata kagungané Ingkang-Mahamurah, sarta ingatasé para kafir iku dina kang rekasa.

ٱلْمُلْكُ يَوْمَئِذٍ ٱلْحَقُّ لِلرَّحْمَٰنِ ۚ وَكَانَ يَوْمًا عَلَى ٱلْكَٰفِرِينَ عَسِيرًا ﴿٢٦﴾

27 Sarta ing dinané wong kang atindak dudu anggeget tangané, calathuné: O, mbok aku iki biyèn angalap dadalan anyartani Kanjeng Rasul.[1783]

وَيَوْمَ يَعَضُّ ٱلظَّالِمُ عَلَىٰ يَدَيْهِ يَقُولُ يَٰلَيْتَنِى ٱتَّخَذْتُ مَعَ ٱلرَّسُولِ سَبِيلًا ﴿٢٧﴾

28 O, cilaka temen awakku, mbok aku biyèn ora angalap mitra si Anu.

يَٰوَيْلَتَىٰ لَيْتَنِى لَمْ أَتَّخِذْ فُلَانًا خَلِيلًا ﴿٢٨﴾

29 Sayekti temen dhèwèké iku anasaraké aku saka ing éling ing sawisé (éling iku) teka marang aku lan pancèn sétan iku ora tutulung marang manusa.

لَّقَدْ أَضَلَّنِى عَنِ ٱلذِّكْرِ بَعْدَ إِذْ جَآءَنِى ۗ وَكَانَ ٱلشَّيْطَٰنُ لِلْإِنسَٰنِ خَذُولًا ﴿٢٩﴾

30 Lan Utusan munjuk: Dhuh Pangéran kawula! saèstu, bangsa kawula punika panganggepipun dhateng Quran punika kados *barang ingkang tanpa isi*.

Ut. *omong ingkang tanpa nalar*

وَقَالَ ٱلرَّسُولُ يَٰرَبِّ إِنَّ قَوْمِى ٱتَّخَذُوا۟ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانَ مَهْجُورًا ﴿٣٠﴾

31 Lan iya kaya mangkono iku, saben Nabi Ingsun gawèkaké mungsuh saka para wong duraka, lan wis nyukupi Pangéranira iku minangka Panutan lan Panulung.

وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَا لِكُلِّ نَبِىٍّ عَدُوًّا مِّنَ ٱلْمُجْرِمِينَ ۗ وَكَفَىٰ بِرَبِّكَ هَادِيًا وَنَصِيرًا ﴿٣١﴾

---

tumuruning jawah kasebutaken kalayan terang, sarta ing dhawuh ngriku ugi tumurunipun para malaikat kasebutaken. Ayat candhakipun anedahaken bilih dinten wau badhé dados dinten kamenangan tumrap para Muslimin, para angèstu dhateng Pangéran Ingkang Mahamurah, sarta dados dinten rekaos tumrap para kafir. Saèstu, wonten ing peperanganipun kaliyan para Muslimin ingkang kelampahan ing pawingkingipun, titiyang Quraisy boten naté manggih sangsara lan rekaos ingkang nyamèni kaliyan sangsara lan rekaos ingkang sami dipun sandhang nalika prang Badr.

1783. Kacariyos tiyang ingkang khusus katuju ing dhawuh ing ngriki punika Aqbah. Piyambakipun punika salah satunggaling sesepuh Quraisy, ingkang naté ngidoni pasuryanipun Kanjeng Nabi, karana badhé damel seneng dhateng satunggaling mitranipun (Rz). Nalika prang Badr, ngemungaken piyambakipun piyambak tiyang tawanan ingkang pinejahan. Sasampunipun peperangan bibar, nalika mayit-mayitipun para pinisepuh Quraisy ingkang sami tiwas kabekta dhateng kluwat badhé dipun kubur, Kanjeng Nabi lajeng nebut namanipun para pinisepuh satunggal - satunggal ingkang sampun naté kadongakaken panjenenganipun margi saking sangeting anggènipun nganiaya titiyang Muslimin. lng nalika punika ugi Kanjeng Nabi nguwuh-uwuh makaten: “Lah apa ta kowé saiki wis nyatakaké

وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لَوْلَا نُزِّلَ عَلَيْهِ الْقُرْآنُ جُمْلَةً وَاحِدَةً ۚ كَذَٰلِكَ لِنُثَبِّتَ بِهِ فُؤَادَكَ ۖ وَرَتَّلْنَاهُ تَرْتِيلًا ﴿٣٢﴾

32 Lan para kang padha kafir acalathu: Yagéné Quran iku ora diturunaké marang dhèwèké sapisan babar pisan? Wis kaya mangkono iku (anggon Ingsun anurunaké), perluné Ingsun anggo anetepaké atinira, apa déné iku Ingsun urutaké kalawan runtut.[1784]

وَلَا يَأْتُونَكَ بِمَثَلٍ إِلَّا جِئْنَاكَ بِالْحَقِّ وَأَحْسَنَ تَفْسِيرًا ﴿٣٣﴾

Ut. *prakara*

33 Lan ora kena ora, manawa dhèwèké padha anekakaké *bukti* marang sira, masthi Ingsun iya anekakaké (bukti) marang sira kalawan nyata sarta katerangan kang luwih becik.[1785]

---

dhéwé yèn janjine Pangéranmu iku nyata? Sayekti aku wis nyatakake dhéwé yèn apa kang kajanjèkaké Pangéran marang aku iku nyata temenan." Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih ingkang dipun karsakaken Kanjeng Nabi, punika piweca-piweca ingkang terang gamblang saha ceplos punika; inggih punika piweca-piweca ingkang anggènipun ngundhangaken sampun nalika jaman wiwitan.

1784. رتل الكلام tegesipun*: nglempakakaken saha ngurutaken kalayan tuntut pérang-péranganing ginem* (*ukara*) (LL). Dados tegesipun, Quran punika anggènipun katurunaken saking sakedhik, sapérangan-sapérangan, perlunipun supados wahyuning Pangéran punika dados tuking kasantosan tumrap panggalihipun Kanjeng Nabi, ing sadanguning panjenenganipun' ngalami santun-sumantuning kawontenan. Kajawi punika, kanggé anulak pandakwa, bilih wahyu Quran punika lastantun namung dados klempakaning dhawuh sapérangan-sapérangan ingkang boten tumata, ingkang tumurunipun gagayutan kaliyan kawontenan-kawontenan ingkang béda-béda, tur boten wonten sambetipun antawising satunggal lan satunggalipun, kanggé anulak pandakwa wau, dipun dhawuhaken, bilih ingkang ngurutaken dhawuh Quran punika inggih Pangéran Pribadi. Dados kalayan tembung ingkang terang gamblang, ayat punika anduwa panginten lepat, ingkang amastani bilih ingkang ngurutaken Quran punika Bagéndha Abu Bakar utawi Bagéndha Utsman, jalaran miturut ayat punika urut-urutanipun dhawuh Quran (kados déné ingkang mujud ing jaman samangké punika; *Pen*.). punika mijil saking kaparenging karsanipun Pangéran Pribadi, kelampahanipun sampun nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi Suci, inggih punika ing nalika jaman sugengipun tiyang ingkang nampèni wahyuning Pangéran wau piyambak.

1785. *Matsal* tegesipun *katerangan gagambaran, kawontenan*, utawi *prakawis*, tuwin dipun anggé tembung ngibarat kalayan mengku teges *kawontenan* ingkang anelahi utawi anggumunaken (Ll), utawi ateges *hudjah,* jawinipun *bukti* (TA). Suraosipun: para titiyang wau mesthi boten badhé nyungulaken *pitakènan ingkang anèh* (Kf: سؤال عجيب) utawi *mabeni kalayan pawadan ingkang aèng* (JB: شئ عجيب فى القدح), ingkang dèrèng kaparingan wangsulanipun wonten ing Quran Suci kalayan nyata, sarta ingkang kateranganipun ingkang langkung prayogi dèrèng kasebutaken ing Quran. Terangipun malih: samangsa piyambakipun sami nyungulaken pitakènan ingkang anèh utawi mabeni kalayan pawadan ingkang aèng, ing Quran Suci mesthi sampun wonten wangsulanipun ingkang kalayan nyata, malah sampun wonten kateranganipun ingkang langkung saé. Ayat punika masang tatalesing piwulang ingkang wigatos, inggih punika: Quran Suci punika boten namung isi wangsulan dhateng sawarnining rembag ingkang mabeni Quran kémawon, nanging ugi ngawontenaken bukti-bukti, ingkang ing kayektèning samukawis ingkang sampun kapangandikakaken. Cekap katerangaken sakedhik, bilih boten wonten satunggal kémawon kitab sucining agami ing jagad punika, ingkang nyakup paugeran makaten punika. Pranyata ingkang makaten wau anélakaken, bilih

34 (Déné) para kang kalawan nglangsur ing rainé bakal diimpun marang naraka, iku padha ana ing kaanan kang luwih ala sarta luwih sasar saka ing dadalané.

ٱلَّذِينَ يُحْشَرُونَ عَلَىٰ وُجُوهِهِمْ إِلَىٰ جَهَنَّمَ أُولَٰٓئِكَ شَرٌّ مَّكَانًا وَأَضَلُّ سَبِيلًا ﴿٣٤﴾

RUKU' 4

Wulang-wuruk mirid saking pandumipun umat ingkang rumiyin-rumiyin

35-39. Umat sapinten-pinten kala rumiyin sami dipun sirnakaken. 40. Tiyang Makkah sami boten purun ngalap pémut dhateng pandumipun umat wau. 41-44. Sami nyenyéda Kanjeng Nabi sarta sami amberung anggènipun sasar.

35 Lan sayekti temen Ingsun wus aparing Kitab marang Musa sarta Ingsun wus andadèkaké kanthiné, (yaiku) Harun, saduluré,
a. 1584 dadi panulung.[a]

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا مُوسَى ٱلْكِتَٰبَ وَجَعَلْنَا مَعَهُۥٓ أَخَاهُ هَٰرُونَ وَزِيرًا ﴿٣٥﴾

36 Tumuli Ingsun ngandika: Sira sakaroné padha mangkata marang (nagarané) wong kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun; tumuli iki padha Ingsun lebur babar pisan.

فَقُلْنَا ٱذْهَبَآ إِلَى ٱلْقَوْمِ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا فَدَمَّرْنَٰهُمْ تَدْمِيرًا ﴿٣٦﴾

Ar. *lan* 37 *Anadéné* umaté Nuh – bareng padha anggorohaké para Utusan, padha Ingsun kelem sarta padha Ingsun dadèkaké tandha tumrap para manusa, sarta Ingsun nyawisaké siksa kang nglarani tumrap para kang atindak dudu;

وَقَوْمَ نُوحٍ لَّمَّا كَذَّبُوا۟ ٱلرُّسُلَ أَغْرَقْنَٰهُمْ وَجَعَلْنَٰهُمْ لِلنَّاسِ ءَايَةً وَأَعْتَدْنَا لِلظَّٰلِمِينَ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿٣٧﴾

a. 903 38 Apadéné 'Ad[a] lan Tsamud[b]
b. 911 tuwin para kang manggon ing Rass sarta sapirang-pirang turunan saantarané iku.[1786]

وَعَادًا وَثَمُودَا۟ وَأَصْحَٰبَ ٱلرَّسِّ وَقُرُونًۢا بَيْنَ ذَٰلِكَ كَثِيرًا ﴿٣٨﴾

lenggahipun Quran punika angungkuli sakathahing kitab suci, sarta bilih wahyu Quran punika wahyu ingkang peng-pengan, ingkang kawasa nyekapi kabetahanipun ruhani sadaya para manusa ing saben jaman.

1786. Miturut Zj, *Rass* punika namanipun dusun ingkang dipun dunungi déning sapéranganing pancer Tsamud. Ngulami sanès mastani bilih *Rass* punika namanipun kitha ing Yamamah (TA). Tembung *Rass* taksih gadhah teges sanès-sanèsipun malih, kadosta ateges sumur, sarta kacariyos bilih para titiyang *Rass* punika ummat ingkang nyemplungaken nabinipun dhateng salebeting sumur (JB).

39 Lan kabèh baé wus Ingsun gelari tepa-tuladha sarta kabèh padha Ingsun lebur kalawan lebur babar pisan.[1787]

وَكُلًّا ضَرَبْنَا لَهُ الْأَمْثَالَ ۖ وَكُلًّا تَبَّرْنَا تَتْبِيرًا ﴿٣٩﴾

40 Lan sayekti temen dhèwèké wis (kerep) padha liwat ing kutha, kang diudani udan ala.[1788] Lah apa ta ora sumurup iku? Balik malah padha ora angarep-arep bakal tinangèkaké manèh.

وَلَقَدْ أَتَوْا عَلَى الْقَرْيَةِ الَّتِي أُمْطِرَتْ مَطَرَ السَّوْءِ ۚ أَفَلَمْ يَكُونُوا يَرَوْنَهَا ۚ بَلْ كَانُوا لَا يَرْجُونَ نُشُورًا ﴿٤٠﴾

41 Lan samangsa dhèwèké padha andeleng ing sira, ora liya panganggepé marang sira kajaba mung kanggo guguyon: Apa iki sing dijumenengaké déning Allah dadi utusan?

وَإِذَا رَأَوْكَ إِنْ يَتَّخِذُونَكَ إِلَّا هُزُوًا ۖ أَهَٰذَا الَّذِي بَعَثَ اللَّهُ رَسُولًا ﴿٤١﴾

42 Mèh baé aku padha kena disasaraké dhèwèké saka sesembahan-sesembahanku, ajaa aku padha teguh *pangidepku*! Lan manawa wis padha andeleng siksa, bakal padha weruh sapa kang luwih sasar saka ing dalan.

Ar. *ing iku*

إِنْ كَادَ لَيُضِلُّنَا عَنْ آلِهَتِنَا لَوْلَا أَنْ صَبَرْنَا عَلَيْهَا ۚ وَسَوْفَ يَعْلَمُونَ حِينَ يَرَوْنَ الْعَذَابَ مَنْ أَضَلُّ سَبِيلًا ﴿٤٢﴾

43 Apa sira wis weruh wong kang angalap sesembahan hawa nafsuné dhéwé?[1789] Apa ta sira bakal dadi pangayoman tumrap marang dhèwèké?

أَرَأَيْتَ مَنِ اتَّخَذَ إِلَٰهَهُ هَوَاهُ ۖ أَفَأَنْتَ تَكُونُ عَلَيْهِ وَكِيلًا ﴿٤٣﴾

Awit saking punika saged ugi ingkang dipun karsakaken punika para sadhèrèkipun Kanjeng Nabi Yusuf, awit para sadhèrèk wau sami nyemplungaken Kanjeng Nabi Yusuf wau dhateng salebeting sumur.

1787. Suraosipun: saben-saben turunan mesthi sami kaparingan pèpènget bab leburipun asarana cacariyosan tuwin tepa-tuladhanipun ummat ing sadèrèng-dèrèngipun ingkang sampun sami sirna; nanging margi boten mraduli dhateng pèpènget wau, piyambakipun lajeng sami dipun lebur kados déné ummat sanès-sanèsipun wau.

1788. Kitha punika kitha Sadum, kaprenah wonten ing margi dhateng Siriyah.

1789. Ayat punika anedahaken sapinten wiyaring pangertosan syirk utawi mangéran kathah manut Quran Suci. Ingkang dipun lepataken punika boten namung menembrah brahala kémawon, nanging manut kalayan muta-tuli dhateng hawanapsunipun piyambak punika ugi kalepataken. Kathah kémawon tiyang ingkang nganggep awakipun piyambak dados kawulanipun Allah ingkang sawiji, nanging menggah ing sajatos-jatosipun sami sujud dhateng brahalanipun ingkang ageng piyambak, inggih punika hawanapsunipun piyambak. Ing agami sanès boten wonten piwulang tauhid ingkang sampurnanipun ngantos kados makaten punika.

44 Utawa apa sira ngira, manawa dhèwèké iku kang akèh-akèh padha ngrungokaké utawa ngerti? Dhèwèké iku mung kaya rajakaya; o, balik malah padha luwih sasar saka ing dalan.

أَمْ تَحْسَبُ أَنَّ أَكْثَرَهُمْ يَسْمَعُوْنَ
أَوْ يَعْقِلُوْنَ ۚ إِنْ هُمْ إِلَّا كَالْأَنْعَامِ
بَلْ هُمْ أَضَلُّ سَبِيْلًا ﴿٤٤﴾

RUKU' 5

Wulang saking wasitaning ngalam

45-55. Wilasanipun Allah sarta manusa anggènipun boten gadhah panarimah. 56-58. Kanjeng Nabi kedah tawakal (sumendhé) dhateng Allah. 59, 60. Mahamurahipun Allah sarta emohipun para tiyang nyembah brahala dhateng punika.

45 Apa sira ora andeleng marang (pakaryaning) Pangéranira, kapriyé anggon-É anggelar ayang-ayangan? Lan lamun Panjenengané angarsakna, amasthi iku didamel tetep; tumuli srengéngé Ingsun dadèkaké panuduh ingatasé iku;

أَلَمْ تَرَ إِلٰى رَبِّكَ كَيْفَ مَدَّ الظِّلَّ ۚ
وَلَوْ شَآءَ لَجَعَلَهُ سَاكِنًا ۚ ثُمَّ جَعَلْنَا
الشَّمْسَ عَلَيْهِ دَلِيْلًا ﴿٤٥﴾

46 Tumuli iku Ingsun pundhut marang (ngarsa)-Ningsun kalawan pamundhut saka sathithik.[1790]

ثُمَّ قَبَضْنٰهُ إِلَيْنَا قَبْضًا يَّسِيْرًا ﴿٤٦﴾

47 Lan Panjenengané iku Kang wus andadèkaké wengi minangka tutup tumrap marang sira sarta (andadèkaké) turu minangka palereman, apa déné raina minangka kanggo tangi.

وَهُوَ الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ الَّيْلَ لِبَاسًا
وَّ النَّوْمَ سُبَاتًا وَّجَعَلَ النَّهَارَ نُشُوْرًا ﴿٤٧﴾

48 Lan Panjenengané iku Kang angutus angin minangka warta bubungah, acacala (tumuruning) wilasa-Né; sarta Ingsun anurunaké banyu suci saka ing mendhung,

وَهُوَ الَّذِيْٓ أَرْسَلَ الرِّيٰحَ بُشْرًا
بَيْنَ يَدَيْ رَحْمَتِهٖ ۚ وَأَنْزَلْنَا مِنَ
السَّمَآءِ مَآءً طَهُوْرًا ﴿٤٨﴾

1790. Ayat punika lan ayat ingkang sampun, punika nerangaken bilih Gusti Allah punika pangrengkuhipun dhateng kawula-Nipun sakalangkung welas lan asih. Panjenenganipun boten karsa nglebur sami sanalika kawula-Nipun. Suryaning katulusan sampun malethèk, sarta sampun wonten tandha-tandhanipun pepeteng badhé sirna; nanging, boten prabéda lan ingkang tumindak ing alam wadhag, pepeteng wau boten badhé sirna sami sanalika, wangsul akaliyan sarenti, suda saking sakedhik.

49 Supaya iku Ingsun anggo anguripaké tanah kang mati[1791] sarta Ingsun anggo angombèni titah-Ingsun rajakaya lan manusa sapirang-pirang.

لِّنُحْـِۧيَ بِهٖ بَلْدَةً مَّيْتًا وَّنُسْقِيَهٗ مِمَّا خَلَقْنَآ اَنْعَامًا وَّاَنَاسِيَّ كَثِيْرًا ﴿٤٩﴾

Ar. *antara-né*

50 Lan sayekti temen iku Ingsun ambal-ambali *marang* dhèwèké, supaya padha élinga, ananging akèh-akèhing manusa padha mopo, ora liya kajaba mung padha angemohi.

وَلَقَدْ صَرَّفْنٰهُ بَيْنَهُمْ لِيَذَّكَّرُوْا ۖ فَاَبٰٓى اَكْثَرُ النَّاسِ اِلَّا كُفُوْرًا ﴿٥٠﴾

51 Lan lamun Ingsun angarsakna, masthi Ingsun anjumenengaké juru-pépéling ing siji-sijining kutha.[1792]

وَلَوْ شِئْنَا لَبَعَثْنَا فِيْ كُلِّ قَرْيَةٍ نَّذِيْرًا ﴿٥١﴾

Ar. *jihad*

Ar. *jihad*

52 Mulané aja manut para kafir, sarta dhèwèké padha *tandangana nyrempeng* sarana iku kalawan *panyarempeng* kang gedhé.[1793]

فَلَا تُطِعِ الْكٰفِرِيْنَ وَجَاهِدْهُمْ بِهٖ جِهَادًا كَبِيْرًا ﴿٥٢﴾

1791. Sih-wilasanipun Gusti Allah, ingkang wontenipun ing alam wadhag awujud jawah, wonten ing dalem wahyu asifat ruhaniyah. Boten prabéda lan toya suci saking mendhung punika saged anggesangaken bumi ingkang pejah, lah makaten ugi toyanipun suci wahyu saking Panjenenganipun, punika inggih kawasa anggesangaken tiyang ingkang pejah ruhaniyahipun.

1792. Labet saking anggènipun tansah angèngeti sabda pangandika punika, déné para sahabatipun Kanjeng Nabi Suci sami sumiyar dhateng ing pundi-pundi panggènan, dhateng saben kitha ingkang tebih-tebih, kalayan ambekta wasita lan pèpènget ing agaminipun. Suprandéné teka sakedhik timen para Muslimin jaman samangké, ingkang katiyupan ing grengseng badhé kayektèning dhawuh-dhawuhipun Quran.

Perlu dipun pèngeti bilih ayat punika boten kok cengkah kaliyan pratélan ing 35: 24 tuwin ing panggènan sanès, ingkang mangandikakaken bilih saben bangsa mesthi kajumenengan nabi. Juru-pèpènget boten kajumenengaken ing saben kitha, nanging kajumenengaken ing saben *bangsa* (*Ummat*).

1793. Ayat punika saged suka pasaksèn ingkang terang bab tegesipun tembung *jihâd* ingkang kagem wonten ing Quran Suci. Umum angakeni bilih surat punika tumurun ing nagari Makkah, dados boten nyebutaken bab prakawis perang. Miturut ayat punika, sawarnining panyarempeng anyebaraken yakti, punika *jihâd* namanipun; malah-malah winastan جهادا كبيرا jawinipun: *jihâd* kang gedhé. Déné mila *perang karana nglabuhi agami* punika kanamakaken *jihâd*, awit kalayan angèngeti kawontenanipun, sok wonten masakalanipun perang punika perlu sanget kanggé gesangipun sarta karaharjanipun yekti, sarta saupami botena dipun idini perang, yakti mesthi lebur atanpa tilas. Para mufassirin sadaya kémawon sami nganggep *jihâd* ing ngriki mengku teges kados ing nginggil wau. Kula aturi rnirsani Bd, Rz, AH tuwin sanès-sanèsipun. Kedah dipun pèngeti bilih *jihâd* ingkang ageng piyambak, ingkang saged katindakaken para Muslimin, punika *ajihâd* ingkang asarana *Quran* sanès ingkang asarana *pedhang* awit sampun boten wonten semang-semangipun mulih *dlamir hi* (ingkang wonten ing jarwan ing nginggil dipun tegesi: kalawan; iki) ing wekasaning ayat, punika wangsul dhateng Quran.

Ut. *ngemor*
Ut. *anyegeri*
Ut. *letih*

53 Lan Panjenengané iku Kang *anglastarèkaké miliné* sagara loro; kang siji tawa, *amarèkaké ngelak*, lan sijiné asin *anyalitaké*; lan Panjenengané adamel aling-aling saantarané loro iku sarta papager kang kukuh.[1794]

وَهُوَ الَّذِىْ مَرَجَ الْبَحْرَيْنِ هٰذَا عَذْبٌ فُرَاتٌ وَّهٰذَا مِلْحٌ اُجَاجٌ ۚ وَجَعَلَ بَيْنَهُمَا بَرْزَخًا وَّحِجْرًا مَّحْجُوْرًا ﴿٥٣﴾

54 Lan Panjenengané iku Kang anitahaké manusa saka banyu, tumuli Panjenengané andadèkaké tumrap marang dhèwèké kulawarga-dharah sarta kulawarga saka maratuwa,[1795] lan Pangéranira iku Kawasa.

وَهُوَ الَّذِىْ خَلَقَ مِنَ الْمَآءِ بَشَرًا فَجَعَلَهٗ نَسَبًا وَّصِهْرًا ۗ وَكَانَ رَبُّكَ قَدِيْرًا ﴿٥٤﴾

Ar. *makolèhi marang dhèwèké*

55 Lan dhèwèké padha ngawulani saliyané Allah, barang kang ora *makolèhi* sarta mitunani marang dhèwèké; lan wong kafir iku panulung lumawan Pangérané.[1796]

وَيَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ مَا لَا يَنْفَعُهُمْ وَلَا يَضُرُّهُمْ ۗ وَكَانَ الْكَافِرُ عَلٰى رَبِّهٖ ظَهِيْرًا ﴿٥٥﴾

56 Lan ora liya Ingsun angutus sira iku kajaba minangka juru wawarta kabungahan sarta jurupépéling.[1797]

وَمَآ اَرْسَلْنٰكَ اِلَّا مُبَشِّرًا وَّنَذِيْرًا ﴿٥٦﴾

1794. Sampun terang, ingkang dipun karsakaken saganten kalih, punika golongan kakalih, para angèstu tuwin para kafir: para angèstu kasanépakaken kaliyan saganten toya tawa, para kafir kasanépakaken kaliyan saganten ingkang toyanipun asin. Kakalihipun wau sami wontenipun wonten ing jagad punika, asisih-sisihan satunggal lan satunggalipun, sarta kakalihipun badhé lastantun makaten.

1795. Pamanggih kula dhawuh punika nyasmitani bab hijrah dhateng Madinah. Kanjeng Nabi punika kaliyan titiyang ing Makkah gagayutan kulawarga pancer saking ingkang rama, sarta kaliyan titiyang ing Madinah taksih gagayutan kulawarga pancer saking ingkang ibu. Rèhning kulawarganipun darah piyambak nganiaya dhateng panjenenganipun sarta malah sumedya badhé nyédani panjenenganipun, mila sapunika panjenenganipun dipun èngetaken bilih taksih kagungan kulawarga tiyang sanès ingkang gagayutanipun lantaran sésémahan. Surat punika tumurunipun nalika jaman wiwitan, sarta sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih inggih margi wontenipun sasmita wonten ing wahyuning Pangéran makaten wau, mila ing wasananipun nalika nyarengi wekdal haji, Kanjeng Nabi lajeng ngupados pandhèrèk saking antawisipun titiyang Madinah.

1796. Tiyang kafir biyantu dhateng prakawis murang-yekti. Punika namanipun lumawan dhateng Pangéranipun, ingkang sampun anurunaken yakti ing jagad. Nanging piyambakipun kaparingan pèpènget, bilih sesembahanipun palsu boten badhé maédahi punapa-punapa dhateng piyambakipun.

1797. Kedah dipun pèngeti, bilih rèhning pawartos bibingah ingkang kaparingakcn lumantar Kanjeng Nabi Suci punika gumelaring sih-wilasanipun Pangéran, milanipun mesthi ngrumiyini pèpènget badhé dhumawahing siksa, inggih punika gumelaring dukanipun Pangéran. Ayat punika ugi

57 Calathua: Ingatasé prakara iku aku ora anjaluk pituwas marang kowé kabèh, kajaba sapa sing karep, supaya angalap dadalan marang Pangérané.

قُلْ مَآ اَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ اَجْرٍ اِلَّا
مَنْ شَآءَ اَنْ يَّتَّخِذَ اِلٰى رَبِّهٖ سَبِيْلًا ﴿٥٧﴾

58 Lan kumandela marang Kang-Gesang, Kang-ora-séda, sarta mahasucèkna kalawan puji-Né; lan wus cukup Panjenengané iku, waspada ing kaluputaning kawula-Né.[1798]

وَتَوَكَّلْ عَلَى الْحَيِّ الَّذِيْ لَا يَمُوْتُ وَسَبِّحْ
بِحَمْدِهٖ ۗ وَكَفٰى بِهٖ بِذُنُوْبِ
عِبَادِهٖ خَبِيْرًا ۚ ﴿٥٨﴾

59 Kang anitahaké langit-langit lan bumi tuwin apa kang ana ing
Ut. *dina* saantarané ing dalem nem *mangsa*,
sarta Panjenengané angasta purba
a. 895 wisésa ing karaton iku;[a] Ingkang-Mahamurah: mulané takona pra-
Ut. *Panjenengané* kara *iku* marang kang waspada.[1799]

الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَمَا
بَيْنَهُمَا فِيْ سِتَّةِ اَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوٰى عَلَى
الْعَرْشِ ۚ اَلرَّحْمٰنُ فَسْـَٔلْ بِهٖ خَبِيْرًا ﴿٥٩﴾

60 Lan nalika dhèwèké padha dicalathoni: Padha sumungkema marang Ingkang-Mahamurah, padha calathu: Lan apa ta Ingkang-Mahamurah iku? Apa aku iki padha kudu sumungkem marang barang kang koparéntahaké marang aku? Lan iku angundaki
a. 978 pamaléngosé.[a]

وَاِذَا قِيْلَ لَهُمُ اسْجُدُوْا لِلرَّحْمٰنِ
قَالُوْا وَمَا الرَّحْمٰنُ ۗ اَنَسْجُدُ لِمَا
تَأْمُرُنَا وَزَادَهُمْ نُفُوْرًا ۩ ﴿٦٠﴾

RUKU' 6

Tumindaking éwah-éwahan

61. Papadhang ageng lan alit. 62. Bibar peteng lajeng padhang. 63-74. Éwah-éwahan ingkang tumindakipun jalaran saking rawuhipun Kanjeng Nabi: Pratélan kawontenanipun para pandhèrèkipun. 75, 76. Pituwasipun. 77. Pidananipun tiyang ingkang anggorohaken.

anedahaken, bilih Kanjeng Nabi punika langkung dhangan mintonaken welas lan asih katimbang nandukaken wawales. Wonten ing saben papan palagan, ingkang makaten wau tansah kabuktèkaken dumugi tindak déning panjenenganipun, dhateng para mengsah-mengsahipun.

1798. Milanipun Panjenenganipun punika langkung udani bénjing punapa anggènipun badhé andhawahaken siksa lan sinten ingkang badhé dipun dhawahi siksa wau.

1799. *Kang-Waspada* punika Gusti Allah, inggih punika Ingkang-Waspada ing samukawis. Utawi dhawuh punika kénging dipun tegesi: *Mulane takona prakara Panjenengane marang kang waspada*. Manawi dipun tegesi makaten, *kang waspada* punika Kanjeng Nabi, inggih punika ingkang sinung ma'rifat jati ing Pangéran.

61 Mahabarkah Panjenengané, Kang wus andadèkaké lintang-lintang ana ing langit sarta wus andadèkaké *srengéngé* apa déné rembulan kang sumunar.

Ar. *diyan*

تَبٰرَكَ الَّذِىْ جَعَلَ فِى السَّمَآءِ بُرُوْجًا
وَّجَعَلَ فِيْهَا سِرٰجًا وَّقَمَرًا مُّنِيْرًا ٦١

62 Lan Panjenengané iku Kang wus andadèkaké wengi lan raina gilir gumanti, tumrap sapa kang sumedya arep éling apa arep sumedya sukur.

وَهُوَ الَّذِىْ جَعَلَ الَّيْلَ وَالنَّهَارَ
خِلْفَةً لِّمَنْ اَرَادَ اَنْ يَّذَّكَّرَ اَوْ
اَرَادَ شُكُوْرًا ٦٢

63 Lan kawulané Ingkang-Mahamurah iku para kang padha lumaku ing bumi kalawan andhap asor, sarta samangsa dicalathoni wong bodho-bodho padha mangsuli: Rahayu.

وَعِبَادُ الرَّحْمٰنِ الَّذِيْنَ يَمْشُوْنَ عَلَى
الْاَرْضِ هَوْنًا وَّاِذَا خَاطَبَهُمُ الْجٰهِلُوْنَ
قَالُوْا سَلٰمًا ٦٣

64 Lan para kang ing wayah bengi padha (laladi) marang Pangérané kalawan sujud lan kalawan ngadeg.

وَالَّذِيْنَ يَبِيْتُوْنَ لِرَبِّهِمْ سُجَّدًا
وَّقِيَامًا ٦٤

65 Lan para kang padha munjuk: Dhuh, Pangéran kawula, mugi Tuwan angéngokaken siksa naraka saking kawula; saèstu siksa *naraka* punika awon ingkang tetep:[1800]

Ar. *nipun*

وَالَّذِيْنَ يَقُوْلُوْنَ رَبَّنَا اصْرِفْ عَنَّا
عَذَابَ جَهَنَّمَ ۖ اِنَّ عَذَابَهَا كَانَ
غَرَامًا ۖ ٦٥

66 Saèstu, punika padunungan tuwin panggènan ingkang awon.

اِنَّهَا سَآءَتْ مُسْتَقَرًّا وَّمُقَامًا ٦٦

67 Lan para kang samangsa angetokaké bandha ora keladuk lan ora seret, *ananging* dumunung ana ing saantarané mangkono iku.

Ar. *lan*

وَالَّذِيْنَ اِذَآ اَنْفَقُوْا لَمْ يُسْرِفُوْا وَلَمْ
يَقْتُرُوْا وَكَانَ بَيْنَ ذٰلِكَ قَوَامًا ٦٧

68 Lan para kang padha ora anyebut sesembahan liya anyartani Allah sarta padha ora amatèni jiwa kang dilarangi déning

وَالَّذِيْنَ لَا يَدْعُوْنَ مَعَ اللّٰهِ اِلٰهًا
اٰخَرَ وَلَا يَقْتُلُوْنَ النَّفْسَ الَّتِىْ حَرَّمَ

1800. *Garâm* tegesipun *satunggaling barang, ingkang tiyang boten saged uwal saking ngriku.*

اللّٰهُ اِلَّا بِالْحَقِّ وَلَا يَزْنُوْنَ ۚ وَمَنْ
يَّفْعَلْ ذٰلِكَ يَلْقَ اَثَامًا ﴿٦٨﴾

Allah, kajaba kalawan bebener, apa déné padha ora laku bandrèk; lan sapa sing nglakoni mangkono iku, bakal olèh wawalesing dosa;

يُّضٰعَفْ لَهُ الْعَذَابُ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ وَ
يَخْلُدْ فِيْهٖ مُهَانًا ﴿٦٩﴾

69 Siksa bagéané iku ing dina kiyamat bakal ditikelaké lan dhèwèké bakal manggon ing kono dumunung ing kanisthan;

اِلَّا مَنْ تَابَ وَاٰمَنَ وَعَمِلَ عَمَلًا صَالِحًا
فَاُولٰٓئِكَ يُبَدِّلُ اللّٰهُ سَيِّاٰتِهِمْ حَسَنٰتٍ ۗ
وَكَانَ اللّٰهُ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿٧٠﴾

70 Kajaba sapa-sapa sing tobat sarta angèstu apa déné anglakoni panggawé becik; lah iku, Allah angijoli panggawéné ala (kalawan) panggawé becik, lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

وَمَنْ تَابَ وَعَمِلَ صَالِحًا فَاِنَّهٗ يَتُوْبُ
اِلَى اللّٰهِ مَتَابًا ﴿٧١﴾

71 Lan sapa-sapa sing tobat lan anglakoni panggawé becik, lan sayekti iku mratobaté marang Allah (kalawan) pitobat (kang utama).

وَالَّذِيْنَ لَا يَشْهَدُوْنَ الزُّوْرَ ۙ وَاِذَا
مَرُّوْا بِاللَّغْوِ مَرُّوْا كِرَامًا ﴿٧٢﴾

72 Lan para kang padha ora anglairaké pasaksi goroh sarta samangsa angliwati barang alalahan liwaté kalawan ambek kahurmatan.

وَالَّذِيْنَ اِذَا ذُكِّرُوْا بِاٰيٰتِ رَبِّهِمْ لَمْ
يَخِرُّوْا عَلَيْهَا صُمًّا وَّعُمْيَانًا ﴿٧٣﴾

73 Lan para kang samangsa padha diélingaké ing timbalan-timbalan Pangérané ing kono padha ora niba kalawan ambudheg lan micek.

وَالَّذِيْنَ يَقُوْلُوْنَ رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ
اَزْوَاجِنَا وَذُرِّيّٰتِنَا قُرَّةَ اَعْيُنٍ وَّاجْعَلْنَا
لِلْمُتَّقِيْنَ اِمَامًا ﴿٧٤﴾

74 Lan para kang padha munjuk: Dhuh, Pangéran kawula, mugi Tuwan apaparing ing kawula asreping paningal ing sémah-sémah kawula tuwin turun kawula, saha mugi Tuwan andadosaken kawula dados pangajeng tumrap para ingkang anjagi dhirinipun (saking awon).

75 Iku bakal padha diganjar papan kang dhuwur amarga saka anggoné padha sabar, sarta ana ing kono bakal padha olèh pahargya lan rahayu,[1801]	أُولَٰٓئِكَ يُجْزَوْنَ الْغُرْفَةَ بِمَا صَبَرُوا وَيُلَقَّوْنَ فِيهَا تَحِيَّةً وَسَلَٰمًا ٧٥
76 Padha manggon ing kono; becik padunungan lan palerepan iku.	خَٰلِدِينَ فِيهَا ۚ حَسُنَتْ مُسْتَقَرًّا وَمُقَامًا ٧٦
77 Calathua: Pangéranku ora bakal mraduli marang kowé kabèh manawa ora jalaran saka panembahmu; mangka temen kowé padha anggorohaké (kasunyatan), mulané (siksa) tetep bakal tumuli teka.	قُلْ مَا يَعْبَؤُا بِكُمْ رَبِّي لَوْلَا دُعَآؤُكُمْ ۖ فَقَدْ كَذَّبْتُمْ فَسَوْفَ يَكُونُ لِزَامًا ٧٧

1801. Gagambaranipun tiyang tulus ingkang katerangaken wonten ing ngriki, punika anedahaken sapinten genging pambangunan ingkang dumados déning rawuhipun Kanjeng Nabi Suci. Umat ingkang klelep wonten ing juranging kanisthan, kabangun dados kawulaning Pangéran ingkang tulusipun kados makaten wau.

ركوعاتها ١١ — سُورَةُ الشُّعَرَاءِ مَكِّيَّةٌ (٢٦) — آياتها ٢٢٧

SURAT 26

ASY-SYU’ARÂ’

(*Para juru-kidung*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*11 ruku’, 227 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’ 1. Kanjeng Nabi linipur.
Ruku’ 2-4. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa.
Ruku’ 5. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku’ 6-10. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh, Hud, Shalih, Luth, tuwin Syu’aib.
Ruku’ 11. Titiyang Makkah sami dipun pèpèngeti.

Namanipun

Namanipun surat punika *Asy-syu’arâ’*, jawinipun *Para juru-kidung*, inggih punika mirid saking ayat 224 ingkang nyebutaken juru-kidung; ing ngriku kalayan cetha kasasmitakaken bilih Quran Suci punika sanès anggitanipun juru-kidung, awit Quran punika babar pisan boten wonten ingkang ngèmperi anggitanipun juru-kidung. Perlu dipun pèngeti bilih ingkang asring pandakwanipun mengsah ingkang bingung dhateng Quran Suci punika mastani manawi Quran punika anggitanipun juru-kidung. Quran asring nulak pandakwa punika. Ing ngriki panulak wau kadhawuhaken kalayan sampurna tur kalayan patitis sarana anedahaken bilih pakaryanipun Kanjeng Nabi lan piwulangipun Kanjeng Nabi, punika riricikanipun sami kaliyan pakaryan saha piwulangipun para andika nabi ingkang rumiyin-rumiyin, babar pisan boten wonten saminipun manawi kaliyan padamelanipun juru-kidung.

Ingkang kawarsitakaken

Para nabi ingkang kasebutaken wonten ing ngriki, punika sami kaliyan ingkang kasebut wonten ing surat 7, namung tumrap ing surat punika urut-urutanipun béda kaliyan ing surat 7, jalaran ing surat 7 dipun urutaken manut jamanipun. Sababipun déné andharan bab Kanjeng Nabi Musa dipun rumiyinaken, punika kasebutaken ing wingking, inggih punika mengku sedya dhawuh anggatosaken bilih lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa punika ingambalan malih wonten ing lalampahanipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. Wonten ing ruku’-ipun surat punika ingkang wiwitan piyambak Kanjeng Nabi kaparingan panglipur, sarta kadhawuhan sampun ngantos sanget-sanget anggènipun sungkawa panggalihipun margi para titiyang Makkah sami kafir, makaten ugi inggih sampun ngantos mupus telas pangajeng-ajengipun saged ambangun para titiyang wau, awit kudrat dumadosipun manusa, punika ing wasananipun boten kénging boten mesthi andaga boten purun manembah dhateng barang-barang ingkang langkung asor utawi sami kaliyan piyambakipun piyambak (mirsanana 1807). Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa katerangaken wonten ing ruku’ candhakipun titiga, wiwit nalika andhatengaken ayahanipun dhateng raja Fir’aun, ngantos dumugi temahipun ingkang cilaka mencit sang raja wau, dalah sawadyabalanipun wonten ing Saganten Abrit. Ruku’ ingkang kaping gangsal ngambali bab Kanjeng Nabi Ibrahim, awit panjenenganpiun punika tumrap kula sami ingkang nyambet antawisipun trah Israil lan trah Isma’il, utawi antawisipun nabi agung kakalih, Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Muhammad saw. Gangsal ruku’ sambetipun mligi angandharaken lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh, Hud, Shalih, Luth tuwin Kanjeng Nabi Syu’aib urut manut jamanipun. Nasib ingkang kasandhang déning umatipun nabi-nabi wau, kénging winastan dados pèpènget tumrap mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, bab punika kalayan cetha kawarsitakaken wonten ing ruku’-ipun surat punika ingkang wingking piyambak.

Gathuking suraosipun tuwin titimangsaning tumurunipun

Surat titiga, inggih punika surat 26, 27 tuwin 28 punika dados sagolongan, boten namung margi sasambetan bab-ipun ingkang dados jejering rembag kémawon, nanging ugi kagolong nunggil ing jaman. Tiga-tiganipun wau sadaya kagolong dhateng jaman Makkah tengahan, sarta sampun boten wonten semang-semangipun malih wonten ing Makkah tumurunipun. Tumrap tiga-tiganipun wau sadaya bab ingkang baku piyambak punika cariyosipun Kanjeng Nabi Musa; sadaya kawiwitan saking duk kalanipun Kanjeng Nabi Musa kajumenengaken dados nabi wonten ing Redi Sina, kalayan kaparingan ampilan ayahan ingkang mligi dhateng raja Fir'aun, sarta wekasaning cariyos raja Fir'aun kablebeg wonten ing Saganten Abrit. Anggènipun nglembara titiyang Israil ing pawingkingipun, boten kasebutaken wonten ing ngriku. Dhapuring cariyos tumrap ing surat tiga wau sadaya, saged paring ular-ular dhateng kula sami, punapa ingkang dados jejering rembag lan kados pundi sasambetanipun kaliyan ingkang sampun kawarsitakaken ing ngajeng. Prayogi pinèngetan bilih surat 25 mangandikakaken *furqân* utawi tandha-yekti ageng ingkang kawasa nyilahaken, ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi; lah surat tiga punika menggah ing sajatos-jatosipun maringi *furqân* utawi tandha-yekti ingkang kawasa anyilahaken, ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa, inggih punika kados déné ingkang kasebutaken ing ayat 84, kelemipun titiyang Mesir wonten ing Saganten Abrit. Dados tumrap tiga-tiganipun wau sadaya cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa punika pinungkasan kalayan lalampahan wau. Kanjeng Nabi Musa, punika nabi ingkang wonten ing Quran Suci kasebutaken marambah-rambah dados conthonipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. margi saking piwecanipun ing Pangandharing Toret 18: 15-18. Ing jagad boten naté wonten nabi satunggal kémawon kajawi Kanjeng Nabi Muhammad saw. ingkang ngaken bilih rawuhipun punika dumunung anjangkepi wahananipun piweca wau. Bab punika sampun kadhawuhaken supados dipun gatosaken wonten ing surat ingkang sampun tumrap golongan punika. Dados, surat ingkang kaping 25 anjanjèkaken *furqân*, utawi tandha-yekti, ingkang kalayan ambabar-pisani badhé anyilahaken antawisipun yakti lan panggorohan tumrap Kanjeng Nabi Muhammad saw. Surat titiga sambetipun anerangaken bilih tandha-yekti ingkang kados makaten wau sampun naté kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa, ingkang rawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. punika nyarupèni ing panjenenganipun wau, makaten ugi anerangaken bilih lalampahanipun nabi agung Bani Israil wau dipun ambali malih déning Nabi agung Bani Isma'il. Dados golonganipun surat tiga punika kénging winastan dados tuladha ingkang anggenahaken surat nginggilipun ingkang dipun sambeti. Prakawis sanès ing surat punika ingkang ugi sasambetan kaliyan surat ingkang sampun, inggih punika surat punika nulak pandakwa ingkang kasebutaken wonten ing surat ingkang sampun, inggih punika pandakwa bilih Kanjeng Nabi punika juru-kidung, awit kados déné ingkang katerangaken ing ngajeng, ing surat punika katerangaken bilih pakaryan ingkang dipun wigatosaken ing salamining sugengipun Kanjeng Nabi, punika sanès pakaryaning juru-kidung.

Ayat sakawan ing wekasaning surat punika déning sawenèh para saged kakinten manawi tumurunipun punika wonten ing Madinah; nanging nalar-nalaripun mastani makaten wau boten dipun terangaken. Kosokwangsulipun, ayat-ayat wau kalayan terang gamblang mekasi surat punika kalayan nulak pandakwa dhateng Quran Suci warni kalih ingkang wigatos piyambak. Ingkang kasedya déning Quran punika anucèkaken gesangipun para pandhèrèkipun milanipun mesthi botenipun manawi Quran punika damelanipun sétan, kadosta pangucapipun para tukang-pethèk; awit para tukang-pethèk lan para juru-kidung punika boten naté gadhah gagayuhan sedya ingkang luhur kados déné badhé ambangun gesangipun manusa punika. Dados, ayat-ayat ingkang wekasan piyambak, inggih punika ingkang nerangaken para juru-kidung, punika péranganipun surat punika ingkang baku, tanpa punika uruting sambet-sumambetipun bukti nama boten sampurna. Langkung-langkung malih ayat-ayat wau lajeng kanggé namakaken surat punika, milanipun boten memper sanget manawi ayat-ayat wau pisah kaliyan péranganipun surat punika ingkang sabagéan ageng let sadasanan utawi kalihwelasan taun.

RUKU’ 1

Kanjeng Nabi linipur

1, 2. Kitab ingkang terang. 3. Kanjeng Nabi dhinawuhan sampun sungkawa déning anggènipun tiyang sami boten angèstu. 4. Tandha, ingkang andadosaken piyambakipun sami badhé asor. 5. Para juru-pépémut punika masthi dipun gugujeng. 6. Kadadosanipun anggugujeng. 7-9. Pratandhanipun kasunyatan.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
1 Allah Ingkang-wilasa-Né anglimputi, Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Angudanèni.[1802]	طٰسٓمّٓ ①
2 Iki ayat-ayaté Kitab kang agawé terang.[1803]	تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ الْمُبِيْنِ ②
3 Bokmanawa ta nganti sira anglalu jiwanira saking prihatin amarga dhèwèké padha ora angèstu.[1804]	لَعَلَّكَ بَاخِعٌ نَّفْسَكَ اَلَّا يَكُوْنُوْا مُؤْمِنِيْنَ ③

1802. Wawaton ingkang rumiyin-rumiyin boten wonten ingkang nerangaken tegesipun aksara-aksara punika. Déné teges ingkang kula anggé punika awawaton katerangan ingkang manawi dipun urut, pantog dumugi wawaton ingkang kina piyambak sarta ingkang kénging dipun gondhèli. Inggih punika, aksara-aksara punika sadaya mengku teges sawenèh sifatipun Pangéran. Milanipun, *thâ* punika lajeng kula anggé tembung *lathîf*, tegesipun *Allah ingkang wilasa-Nipun anglimputi*, *sin* punika *sami’*, tegesipun Ingkang-Miyarsa, déné *mîm* punika ‘*alim* tegesipun *Ingkang-Angudanèni*. Suprandéné kula inggih ngaturaken panyuraos sanèsipun malih. Satunggal- satunggalipun surat golongan punika, mesthi dipun bukani mawi aksara-aksara saminipun aksara-aksara wau, namung wonten ing surat 27, *mîm*, aksara ingkang wekasan boten kasebutaken. Lah, ing rèhning bab ingkang mligi kapangandikakaken wonten ing surat-surat punika bab anggènipun Kanjeng Nabi Suci Musa tampi timbalan wonten ing Redi Sina, milanipun *thâ sîn* punika saged mengku karsa *Thuri Sina*, jawinipun: Redi Sina, déné mim saged mengku teges *Musa*. Dados ing dalem aksara-aksara punika mengku karsa dhawuh migatosaken *dhawuh timbalanipun Pangéran ingkang kadhawuhaken dhateng Kanjeng Nabi Musa wonten ing Redi Sina*, ingkang minangka pasaksèn ingkang sakalangkung cetha ing tumurunipun wahyu Quran. lngkang makaten punika dipun kiyataken malih pratélan ingkang terang gamblang, ingkang kasebutaken wonten ing surat golongan punika ingkang wekasan piyambak, inggih punika: titiyang kafir mastani wahyu ingkang katampi Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Muhammad – mugi-mugi rahayu lan nugrahanipun Allah tetep ing panjenenganipun kakalih – punika sami déné apus-krama kémawon. Dhawuh ing 28: 46-49 prayogi kapèngetana ingkang mligi, ingkang anedahaken bilih wahyu Musa punika minangka pasaksèn ing kayektèning wahyu ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Suci.

1803. الْكِتٰبِ الْمُبِيْنِ Warni-warni tiyang anggènipun negesi, kadosta dipun tegesi kitab ingkang adamel terang sabarang prakawis ingkang kabetahaken, utawi kitab ingkang adamel cetha pratélanipun haq (yakti) saged pilah kaliyan bâtil (murang-yakti). Déné tembung mubin punika isim fâ’il (rimbag kriya-wacaka) saking tembung kriya *abâna*, ingkang tegesipun wicanten kalayan cetha terang.

1804. Nabi sanès-sanèsipun saged ugi wonten ingkang ngesotaken (ngla’nati) satunggaling umat,

4 Lamun Ingsun angarsakna, amasthi Ingsun anurunaké tandha saka ing langit marang dhèwèké, satemah padha tundhuk tumelung guluné.[1805]

إِن نَّشَأْ نُنَزِّلْ عَلَيْهِم مِّنَ السَّمَاءِ آيَةً فَظَلَّتْ أَعْنَاقُهُمْ لَهَا خَاضِعِينَ ٤

5 Lan ora kena ora, saben ana pépéling anyar saka Pangérané anekani dhèwèké, amasthi padha mléngos saka ing kono.

وَمَا يَأْتِيهِم مِّن ذِكْرٍ مِّنَ الرَّحْمَٰنِ مُحْدَثٍ إِلَّا كَانُوا عَنْهُ مُعْرِضِينَ ٥

6 Mangka temen dhèwèké padha anggorohaké (kasunyatan), mulané bakal tumuli teka marang dhèwèké wartané barang kang padha diguguyu.[1806]

فَقَدْ كَذَّبُوا فَسَيَأْتِيهِمْ أَنبَاءُ مَا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ٦

7 Apa ta padha ora andeleng marang bumi – pira baé ing kono anggon Ingsun wus anukulaké sarupaning jinis kang adi?[1807]

أَوَلَمْ يَرَوْا إِلَى الْأَرْضِ كَمْ أَنبَتْنَا فِيهَا مِن كُلِّ زَوْجٍ كَرِيمٍ ٧

---

sarta memèngeti umat wau kasangsaran ingkang badhé dipun sandhang. Nanging boten wonten satunggal kémawon nabi ingkang prihatosipun margi ngraosaken badhé nasibipun umatipun, kados déné Kanjeng Nabi Suci Muhammad, (mugi-mugi rahayu lan nugrahanipun Allah tetep ing panjenenganipun!). Lantaran wahyuning Pangéran panjenenganipun inggih dipun paringi pirsa badhé leburipun umat ingkang awon: nanging panjenenganipun boten lajeng ngesotaken utawi ngla'nati umat ingkang awon wau, wangsul malah kalayan genging kaprawiran nyarempeng ing sakiyat-kiyatipun badhé milujengaken umatipun, sarana ngawontenaken pambangunan ingkang ageng wonten ing antawisipun umat wau. Kalangkung déning sanget anggèning panjenenganipun mrihatosaken pambangunan wau, ngantos wonten ing dhawuh ngriki katerangaken, panjenenganipun mèh suduk jiwa margi saking sungkawa. Pranyata punika trenyuhing manah ingkang sakalangkung sanget, margi mrihatosaken sangsaranipun para manusa; trenyuh ingkang tumus dumugi ing tindak, ingkang mijil saking panggalihipun juru-pambangun ingkang sajati, sanès bangsaning wicara ingkang nanangi hardaning manah utawi sanès wicara manohara yasanipun tukang-ngalamun.

1805. Tandha makaten wau sampun katurunaken wonten ing perang Badar tuwin nalika bedhahipun nagari Makkah. Nalika perang Badar para panuntunipun sami nandhang asor, nalika bedhahipun Makkah sami teluk.

1806. Ingkang sami dipun gugujeng punika piweca-piweca badhé dhumawahing siksa calon bebahanipun piyambak tuwin kamenanganipun Islam. *Wartané*, punika tegesipun kanyataan utawi kayektèn ingkang badhé dipun gelar ngégla samangsa piweca-piweca wau kanyataan wahananipun.

1807. Manawi makaten, manusa, titahing Allah ingkang lahur lan mulya piyambak, punika punapa rneksa boten purun nganggé idham-idhaman ingkang luhur, sarta lajeng purun mantuni anggènipun remen sujud dhateng barang damelanipun piyambak utawi barang-barang, ingkang manut panganggepipun kawasa mangrèh? Teka memelas temen manusa punika! nadyan sampun sami rumaos ing kabodhohanipun, déné purun sujud dhateng barang pejah, meksa taksih gadhah panganggep, bilih leres kémawon sujud dhateng tiyang, ingkang inggih kados piyambakipun piyambak makaten! Saya memelas malih, déné sasampunipun uwal saking pangandelipun ingkang sasar wau, piyambakipun meksa taksih purun sujud dhateng pepénginan tuwin hawanapsunipun, ingkang kula-wisuda kawasa mangrèh kados déné panganggepipun dhateng sadaya barang ing jagad punika!

8 Sayekti ing kono iku temen ana tandha, ananging dhèwèké iku sing akèh padha ora angèstu.

إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُمْ مُؤْمِنِينَ ٨

9 Lan sayekti, Pangéranira iku temen Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih.

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ٩

RUKU' 2

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

10 Lan nalika Pangéranira nimbali Musa, pangandikané: Sira anekanana bangsa kang anganiaya,

وَإِذْ نَادَىٰ رَبُّكَ مُوسَىٰ أَنِ ائْتِ الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ ١٠

11 Bangsané Fir'aun; apa ta dhèwèké ora bakal padha anjaga dhiriné (saka ing ala?)

قَوْمَ فِرْعَوْنَ ۚ أَلَا يَتَّقُونَ ١١

12 Unjuké: Dhuh Pangéran kawula, kawula kuwatos, manawi piyambakipun sami anggorohaken kawula.

قَالَ رَبِّ إِنِّي أَخَافُ أَنْ يُكَذِّبُونِ ١٢

13 Sarta dhadha kawula dados rupek tuwin lisan kula boten trampil,[1807A] mila mugi Tuwan angutus ing (kakang) Harun (supados
a. 28: 20 angréncangi kawula);[a]

وَيَضِيقُ صَدْرِي وَلَا يَنْطَلِقُ لِسَانِي فَأَرْسِلْ إِلَىٰ هَارُونَ ١٣

14 Lan piyambakipun sami andhawahaken kalepatan dhateng kawula; milanipun kawula kuwatos, manawi piyambakipun amejahi kawula.[1808]

وَلَهُمْ عَلَيَّ ذَنْبٌ فَأَخَافُ أَنْ يَقْتُلُونِ ١٤

1807A. Punika ingkang wonten ing panggènan sanès kasebat *bundhelaning lisan*. Ing 20: 27 Kanjeng Nabi Musa nyuwun dhateng Pangéran: *Tuwin mugi Tuwan nguculi bundhelan saking lisan kawula*. Ing ngriki ingkang makaten wau katembungaken: *Tuwin lisan kula boten trampil*. Kula aturi mirsani: 1583.

1808. Ingkang dipun karsakaken punika anggènipun Kanjeng Nabi Musa sampun naté mejahi tiyang Mesir, ingkang kasebutaken ing 28: 15. Perlu dipun pèngeti bilih Kanjeng Nabi Musa namung munjuk: titiyangipun Fir'aun andakwa panjenenganipun kagungan kalepatan, dados boten kok panjenenganipun lepat saèstu, utawi inggih boten panjenenganipun dosa wonten ing ngarsanipun Allah. Kados déné ingkang katerangaken ing 1811 tuwin ing 1875 manut kaadilan Kanjeng Nabi Musa boten saged kadakwa nglampahi dosa pejah; *nanging titiyangipun Fir'aun ingkang atindak-dédé*, gadhah pamrih badhé nyepeng panjenenganipun mawi lalandhesan pandakwa wau.

15 Pangandika-Né: Ora bakal, mulané sira sakaroné mangkata kalawan tandha-tandha-Ningsun; sayekti Ingsun anyartani sira, Miyarsa:

قَالَ كَلَّا ۚ فَاذْهَبَا بِاٰيٰتِنَآ اِنَّا مَعَكُمْ مُّسْتَمِعُوْنَ ﴿١٥﴾

16 Mulané padha nekanana Fir'aun, banjur calathua: Saèstu kula punika sami utusanipun Pangéran ing ngalam sadaya:[1809]

فَأْتِيَا فِرْعَوْنَ فَقُوْلَآ اِنَّا رَسُوْلُ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿١٦﴾

17 Mugi paduka dhawuhi supados para turun Israil tumut kula tiyang kakalih.

اَنْ اَرْسِلْ مَعَنَا بَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ ﴿١٧﴾

18 (Fir'aun) calathu:[1810] Apa nalika isih bocah kowé ora dak opèni ana ing (panggonan)-ku? Lan tataunan lawasé olèhmu manggon ana ing (panggonan)-ku.

قَالَ اَلَمْ نُرَبِّكَ فِيْنَا وَلِيْدًا وَّلَبِثْتَ فِيْنَا مِنْ عُمُرِكَ سِنِيْنَ ﴿١٨﴾

19 Lan kowé wus nglakoni panggawému kang wus kolakoni, lan kowé iku golongané wong kang padha ora weruh ing panarima.

وَفَعَلْتَ فَعْلَتَكَ الَّتِيْ فَعَلْتَ وَاَنْتَ مِنَ الْكٰفِرِيْنَ ﴿١٩﴾

20 Calathuné: Punika anggèn kula nglampahi nalika kula taksih golonganipun tiyang ingkang dèrèng sumerep margi ingkang leres.[1811]

قَالَ فَعَلْتُهَآ اِذًا وَّاَنَا مِنَ الضَّآلِّيْنَ ﴿٢٠﴾

1809. Sok wonten ingkang maoni, déné tembung rasul punika dipun anggé wonten ing ukara انا رسول رب العلمين mangka tembung *rasûl* punika *mufrad* (tembung aran ingkang nélakaken cacah satunggal), jer pancènipun wonten kalih. Para mufassirin sami anerangaken, bilih *rasûl* ing ngriki ateges *risâlah*, utawi ayahan, sarta tembung wau lajeng kaanggep sami kaliyan tembung *dhu-risâlah*, jawinipun ingkang ngampil ayahan kenabian (Kf). Nanging,kados déné ingkang katerangaken LL, awawaton Mgh tuwin TA, *rasûl* ingkang ateges utusan, punika kados déné tembung '*aduww* (mengsah) lan siddiq (mitra), sarta sami kémawon, punapa dipun anggé *mudhakkar* (jaler) punapa *mu'annats* (èstri), *mufrad* (satunggal), *tatsniyiah* (kalih) punapa *jama'* (kathah). Salajengipun inggih makaten punika kanggénipun wonten ing kasusastran Arab, minangka tuladhanipun, kidunganipun Abu Dhu'aib ing ngandhap punika kasebutaken: الكنى اليها وخير الرسول ∴ اعلمهم بنواحى الخير Jawinipun: *Kowé dadia kongkonanku*marang dhèwèké, déné becik-*beciké kongkonan iku endi kang luwih mangerti ing babagan wates-watese pawarta* (M-LL). Lah ing kidungan ngriku tembung *mufrad*: *rasûl* dipun anggé kanggé tembung *jama' rusul*.

1810. Adatipun Quran boten mawi nyebutaken paprincèning cariyos ingkang sabagéan kathah, samangsa boten kagem kanggé andhawuhaken prakawis ingkang badhé kadhawuhaken.

1811. Salah satunggaling tegesipun tembung *dlalla*, inggih punika: bingung utawi *kuwur*, *sarta*

Ar. *paduka*

21 Milanipun kula lumajeng saking ing *ngriki* sareng kula ajrih dhateng paduka, tumunten Pangéran kawula aparing kawicaksanan dhateng kula sarta andadosaken kula dados golongananipun para utusan.

فَفَرَرْتُ مِنْكُمْ لَمَّا خِفْتُكُمْ فَوَهَبَ لِي رَبِّي حُكْمًا وَّجَعَلَنِي مِنَ الْمُرْسَلِينَ ﴿٢١﴾

22 Lan punika punapa kasaénan ingkang paduka anggé angundamana dhateng kula, déné paduka angathiplakaken para turun Israil?[1812]

وَتِلْكَ نِعْمَةٌ تَمُنُّهَا عَلَيَّ أَنْ عَبَّدْتَّ بَنِيْٓ إِسْرَآءِيْلَ ﴿٢٢﴾

23 Fir'aun calathu: Lan sapa ta Pangéran ngalam kabèh iku ?

قَالَ فِرْعَوْنُ وَمَا رَبُّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٢٣﴾

24 Calathuné: Ingkang mangérani langit-langit lan bumi sarta punapa ingkang wonten ing saantawisipun kakalih punika, manawi paduka badhé yakin.

قَالَ رَبُّ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ط إِنْ كُنْتُمْ مُّوْقِنِيْنَ ﴿٢٤﴾

25 (Fir'aun) acalathu marang kang ana ing sakiwa tengené: Apa kowé ora padha krungu?

قَالَ لِمَنْ حَوْلَهٗٓ أَلَا تَسْتَمِعُوْنَ ﴿٢٥﴾

26 Aturé: Pangéran paduka lan Pangéranipun para luluhur paduka ing rumiyin-rumiyin.

قَالَ رَبُّكُمْ وَرَبُّ اٰبَآئِكُمُ الْأَوَّلِيْنَ ﴿٢٦﴾

27 Calathuné: Sayekti utusanmu, kang diutus marang kowé iku temen édan.

قَالَ إِنَّ رَسُوْلَكُمُ الَّذِيْٓ أُرْسِلَ إِلَيْكُمْ لَمَجْنُوْنٌ ﴿٢٧﴾

---

boten saged sumerep margi ingkang leres. Anggènipun negesi Rz ing tembung *dlall* ing ngriki: *kuwur, boten saged nguningani kados pundi kedahipun*. Kula aturi rnirsani ugi 2756. Déné mila Kanjeng Nabi Musa miyagah nandukaken pidana piyambak dhateng tiyang ingkang lepat, punika margi nalika punika panjenenganipun kuwur panggalihipun ing bab kados pundi lekas ingkang kedah katindakakan, milanipun Musa banjur anjotos dhèwèké (28: 15) Yektinipun pejahipun tiyang wau namung kapinujon, boten jaragan kaangkah pejahipun; jalaran manawi namung anjotos mawi tangan kémawon, limrahipun dèrèng cekap kanggé jalaran pejahipun tiyang.

1812. Fir'aun angundamana dhateng Kanjeng Nabi Musa dupèh sampun naté ngopèni Kanjeng Nabi Musa nalika timuripun. Kanjeng Nabi Musa lajeng melèhaken Fir'aun anggènipun sampun andadosaken sagemblenging bangsa Bani Israil dados kethiplak, nalikung bangsa Bani Israil wonten ing salebeting pangawulan ingkang sakalangkung asor ngantos sawarnining idham-idhaman ingkang luhur sirna babarpisan. Bangsa Bani Israil namung kapurih nindakaken pandamelan ingkang ina déning Fir'aun tuwin titiyang Mesir, milanipun boten sami dipun idini dados tiyang luhur wonten ing Mesir. Lah inggih pangawulan punika, ingkang sinebut *ngathiplakaken* ing ngriki punika.

28 Calathuné: Pangéran Wétan lan Kilèn sarta punapa ingkang wonten ing antawisipun, manawi paduka amangertos.

قَالَ رَبُّ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۖ إِن كُنتُمْ تَعْقِلُونَ ﴿٢٨﴾

29 Calathuné: Manawa kowé angalap sesembahan saliyané aku, amasthi kowé bakal dakdadèkaké éwoning wong kang padha kinunjara.[1813]

قَالَ لَئِنِ اتَّخَذْتَ إِلَٰهًا غَيْرِي لَأَجْعَلَنَّكَ مِنَ الْمَسْجُونِينَ ﴿٢٩﴾

30 Calathuné: punapa inggih sanajan kula andhatengaken barang cetha dhateng paduka?

قَالَ أَوَلَوْ جِئْتُكَ بِشَيْءٍ مُّبِينٍ ﴿٣٠﴾

31 Calathuné: Jajal iku tekakna, manawa kowé iku golongané para wong temen.

قَالَ فَأْتِ بِهِ إِن كُنتَ مِنَ الصَّادِقِينَ ﴿٣١﴾

32 Mulané dhèwèké anguncalaké tekené, lah ing kono iku ula
a. 926, 1581 kang terang.[a]

فَأَلْقَىٰ عَصَاهُ فَإِذَا هِيَ ثُعْبَانٌ مُّبِينٌ ﴿٣٢﴾

33 Lan dhèwèké angatonaké tangané, lah ing kono, iku katon putih tumrap para kang padha
b. 926; 1581 andeleng.[b]

وَنَزَعَ يَدَهُ فَإِذَا هِيَ بَيْضَاءُ لِلنَّاظِرِينَ ﴿٣٣﴾

RUKU' 3

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

34 (Fir'aun) calathu marang para panggedhé ing sakiwa tengené: Sayekti iki juru-kemayan kang
Ar. *meruhi* *julig,*

قَالَ لِلْمَلَإِ حَوْلَهُ إِنَّ هَٰذَا لَسَاحِرٌ عَلِيمٌ ﴿٣٤﴾

1813. Sesembahanipun tiyang Mesir punika tanpa wilangan kathahipun. Wonten sesembahan-sesembahan ingkang bangsa alus, wonten malih sesembahan-sesembahan saking bangsaning titah ing jagad punika, sesembahan-sesembahan manusa, tuwin sesembahan-sesembahan kèwan. Cekakipun, agaminipun nembah brahala tiyang Mesir, punika kénging katembungaken kalayan ringkes, kados anggènipun nerangaken *En. Br.* (jilid IX, kaca 51) makaten: "Yektinipun tumrap tanah Mesir ing jaman kina, kénging katembungaken makaten: Ing bab yasa sesembahan, ing ngriku boten wonten telasipun." Dados anggènipun Fir'aun ngaken dados sesembahan wonten ing antawisipun bangsa ingkang remen manembah dhateng barang punapa kémawon, punika namung kagèndèng kawontenan. Dhawuh Quran punika boten mengku teges, bilih Fir'aun dados salah satunggaling sesembahanipun tiyang Mesir saèstu, wangsul namung ngaken, supados Kanjeng Nabi Musa ngaken sesembahan dhateng piyambakipun.

35 Sumedya ngetokaké kowé saka ing nagaramu kalawan kemayané; mulané kapriyé pamrayogamu?

يُّرِيْدُ اَنْ يُّخْرِجَكُمْ مِّنْ اَرْضِكُمْ بِسِحْرِهٖ ۖ فَمَاذَا تَأْمُرُوْنَ ﴿٣٥﴾

36 Padha matur: Piyambakipun lan sadhèrèkipun mugi kaparingana sumené saha mugi anglampahaken utusan dhateng ing kitha-kitha:

قَالُوْٓا اَرْجِهْ وَاَخَاهُ وَابْعَثْ فِى الْمَدَاۤىِٕنِ حٰشِرِيْنَ ۙ﴿٣٦﴾

37 Supados sami anyowanaken sawarnining juru-kemayan ingkang
Ar. *meruhi* *julig* dhateng paduka.

يَأْتُوْكَ بِكُلِّ سَحَّارٍ عَلِيْمٍ ﴿٣٧﴾

38 Tumuli para juru-kemayan
Ut. *papan* padha dikumpulaké ing *wayah*
kang tinamtu, ing dina kang katetepaké.

فَجُمِعَ السَّحَرَةُ لِمِيْقَاتِ يَوْمٍ مَّعْلُوْمٍ ﴿٣٨﴾

39 Lan didhawuhaké marang wong-wong: Apa kowé kabéh padha ngumpul?

وَّقِيْلَ لِلنَّاسِ هَلْ اَنْتُمْ مُّجْتَمِعُوْنَ ۙ﴿٣٩﴾

40 Manawa-manawa aku bakal padha manut para juru-kemayan, yèn iku sing padha unggul.

لَعَلَّنَا نَتَّبِعُ السَّحَرَةَ اِنْ كَانُوْا هُمُ الْغٰلِبِيْنَ ﴿٤٠﴾

41 Bareng para juru-kemayan padha teka, padha matur marang Fir'aun: Punapa kula sami badhé angsal ganjaran, manawi kula ingkang sami unggul?

فَلَمَّا جَاۤءَ السَّحَرَةُ قَالُوْا لِفِرْعَوْنَ اَىِٕنَّ لَنَا لَاَجْرًا اِنْ كُنَّا نَحْنُ الْغٰلِبِيْنَ ﴿٤١﴾

42 Calathuné: Iya, karo manèh temen kowé bakal banjur kagolong para kang kaparek (marang aku).

قَالَ نَعَمْ وَاِنَّكُمْ اِذًا لَّمِنَ الْمُقَرَّبِيْنَ ﴿٤٢﴾

43 Musa calathu marang dhèwèké: Padha nguncalna apa sing arep padha kouncalaké.

قَالَ لَهُمْ مُّوْسٰٓى اَلْقُوْا مَآ اَنْتُمْ مُّلْقُوْنَ ﴿٤٣﴾

44 Tumuli padha anguncalaké dhadhung-dhadhungé sarta teken-tekené karo padha calathu: Dhemi kamulyané Fir'aun, sayekti temen iku sing bakal unggul.

فَاَلْقَوْا حِبَالَهُمْ وَعِصِيَّهُمْ وَقَالُوْا بِعِزَّةِ فِرْعَوْنَ اِنَّا لَنَحْنُ الْغٰلِبُوْنَ ﴿٤٤﴾

45 Tumuli Musa anguncalaké tekené. Lah ing kono, iku anguntali apa panggorohané.[a]

a. 929

فَأَلْقَىٰ مُوسَىٰ عَصَاهُ فَإِذَا هِيَ تَلْقَفُ
مَا يَأْفِكُونَ ﴿٤٥﴾

46 Tumuli juru-kemayan padha ambruk, sumungkem.[b]

b. 930

فَأُلْقِيَ السَّحَرَةُ سٰجِدِينَ ﴿٤٦﴾

47 Padha calathu: Kula sami angèstu ing Pangéranipun sadaya ngalam.

قَالُوٓا اٰمَنَّا بِرَبِّ الْعٰلَمِينَ ﴿٤٧﴾

48 Pangéranipun Musa lan Harun.

رَبِّ مُوسٰى وَهٰرُونَ ﴿٤٨﴾

49 Calathuné: Kowé padha pracaya marang dhèwèké sadurungé aku awèh idin marang kowé; sayekti dhèwèké iku temen panggedhému, kang mulang kemayan marang kowé; lah kowé bakal padha weruh: Amasthi kowé bakal padha dak kethoki tanganmu lan sikilmu *aseling sisih*, lan amasthi kowé bakal padha dak penthèng kabèh.

Ut. *déning (anggonmu) lumawan*

قَالَ اٰمَنْتُمْ لَهُ قَبْلَ اَنْ اٰذَنَ لَكُمْ ۚ
اِنَّهُ لَكَبِيرُكُمُ الَّذِي عَلَّمَكُمُ السِّحْرَ ۚ
فَلَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ۗ لَاُقَطِّعَنَّ
اَيْدِيَكُمْ وَاَرْجُلَكُمْ مِّنْ خِلَافٍ
وَّلَاُوصَلِّبَنَّكُمْ اَجْمَعِينَ ﴿٤٩﴾

50 Padha matur: Boten dados punapa, saèstu dhateng Pangéran kawula wangsul kawula:

قَالُوا لَا ضَيْرَ ۖ اِنَّآ اِلٰى رَبِّنَا مُنْقَلِبُونَ ﴿٥٠﴾

51 Saèstu kawula sami angajeng-ajeng, mugi Pangéran kawula angapunten kawula ing kalepatan kawula, déning kawula punika wiwitanipun para tiyang mukmin.

اِنَّا نَطْمَعُ اَنْ يَّغْفِرَ لَنَا رَبُّنَا خَطٰيٰنَآ
اَنْ كُنَّآ اَوَّلَ الْمُؤْمِنِينَ ﴿٥١﴾

RUKU' 4

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

52 Lan Ingsun amedhar sabda marang Musa, sabda-Ningsun: Lungaa karo kawula-Ku ing wayah bengi; sayekti sira bakal padha diburu.

وَاَوْحَيْنَآ اِلٰى مُوسٰى اَنْ اَسْرِ بِعِبَادِيٓ
اِنَّكُمْ مُّتَّبَعُونَ ﴿٥٢﴾

53 Tumuli Fir'aun kongkonan anyuruhi ing kutha-kutha:

فَأَرْسَلَ فِرْعَوْنُ فِي الْمَدَائِنِ حَاشِرِينَ ٥٣

54 Sayekti, iku (mung) sapantha cilik temenan:

إِنَّ هَٰؤُلَاءِ لَشِرْذِمَةٌ قَلِيلُونَ ٥٤

55 Lan sayekti dhèwèké iku wus agawé muring marang aku:

وَإِنَّهُمْ لَنَا لَغَائِظُونَ ٥٥

56 Lan sayekti aku iki temen golongan-gedhé kang prayitna.

وَإِنَّا لَجَمِيعٌ حَاذِرُونَ ٥٦

57 Tumuli dhèwèké padha Ingsun wetokaké saka ing patamanan sarta susumberan.

فَأَخْرَجْنَاهُمْ مِنْ جَنَّاتٍ وَعُيُونٍ ٥٧

Ut. *gedhong bandha*

58 Tuwin *donya-brana* apa déné padunungan kang minulya.

وَكُنُوزٍ وَمَقَامٍ كَرِيمٍ ٥٨

59 Kaya mangkono (kalakoné). Lan iku Ingsun warisaké marang turun Israil.[1814]

كَذَٰلِكَ وَأَوْرَثْنَاهَا بَنِي إِسْرَائِيلَ ٥٩

60 Tumuli padha amburu dhèwèké ing wayah mlethèking srengéngé.

فَأَتْبَعُوهُمْ مُشْرِقِينَ ٦٠

61 Bareng wadyabala loro iku padha weruhé, para sahabaté Musa acalathu: Temen aku padha katututan.

فَلَمَّا تَرَاءَى الْجَمْعَانِ قَالَ أَصْحَابُ مُوسَىٰ إِنَّا لَمُدْرَكُونَ ٦١

62 Calathuné: Ora pisan-pisan; sayekti Pangéranku anyartani aku; Panjenengané bakal atedah dalan marang aku.

قَالَ كَلَّا إِنَّ مَعِيَ رَبِّي سَيَهْدِينِ ٦٢

Ar. *anggitika*

63 Tumuli Ingsun amedhar sabda marang Musa, pangandika-Ningsun: *Ngupayaa dalan ing* sagara

فَأَوْحَيْنَا إِلَىٰ مُوسَىٰ أَنِ اضْرِبْ بِعَصَاكَ

1814. *Dlamir*: '*iku*' punika wangsul dhateng patamanan saha susumberan lan sapiturutipun ing saumumipun, dados boten mligi patamanan, sapiturutipun, ingkang (manut dhawuh ing ngajeng) titiyang Mesir kawedalaken saking ngriku. Warisan patamanan lan rajabrana wau, anggènipun kaparingaken dhateng titiyang Israil wonten ing tanah Kan'an inggih punika tanah ingkang kajanjèkaken mili puhan lan mili rnadu.

Ar. *tekan*
Ut. *panthan, ombaké*

kalawan *papanthanira.*[1815] Tumuli piyak, banjur siji-sijining *pilahané* kaya gunung gedhé.[1816]

الْبَحْرَ ۖ فَانْفَلَقَ فَكَانَ كُلُّ فِرْقٍ كَالطَّوْدِ الْعَظِيمِ ﴿٦٣﴾

64 Lan ing kono (golongan kang sawiji) Ingsun cedhakaké liyané.

وَأَزْلَفْنَا ثَمَّ الْآخَرِينَ ﴿٦٤﴾

65 Lan Ingsun anylametaké Musa karo kabèh kang anyartani dhèwèké.

وَأَنْجَيْنَا مُوسَىٰ وَمَنْ مَعَهُ أَجْمَعِينَ ﴿٦٥﴾

66 Tumuli Ingsun angelem liyané.

ثُمَّ أَغْرَقْنَا الْآخَرِينَ ﴿٦٦﴾

67 Sayekti, ing sajroné iku temen ana sawijining tandha, *ananging* akèh-akèhé padha ora angèstu.

Ar. *lan*

إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُمْ مُؤْمِنِينَ ﴿٦٧﴾

68 Lan sayekti, Pangéranira iku temen Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih.

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ﴿٦٨﴾

RUKU' 5

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim

69 Lan sira amacakna caritané Ibrahim marang dhèwèké.

وَاتْلُ عَلَيْهِمْ نَبَأَ إِبْرَاهِيمَ ﴿٦٩﴾

1815. Ukaraning dhawuh اضرب بعصاك الحجر punika sami kaliyan اضرب بعصاك البحر Déné kateranganipun ingkang warni-warni sampun katerangaken ing 96. Ing panggènan sanès dhawuh ingkang makaten wau, kadhawuhaken kalayan sabda pangandika ingkang makaten ungelipun فاضرب لهم طريقا في البحر يبسا ingkang jawinipun "banjur dhèwèké padha gawèkna dalan garing ana ing sagara" (20: 77). Ing ngriku dhawuh *ngupados margi* punika ugi tembung *idlrib* ingkang dipun agem. Kula aturi mirsani 82, 1593.

1816. Saganten piyak lan nisih, dadosipun ngawontenaken margi ingkang garing (20: 77) tumrap para titiyang Israil كل فرق punika saged ugi ingkang dipun karsakaken titiyang Mesir tuwin titiyang Bani Israil, utawi saged ugi papanthanipin titiyang Israil, awit margi saking kathahing jiwanipun, perlu dipun pantha-pantha dados pinten-pinten pantha. Utawi saged ugi tegesipun punika, nalika ombakipun nisih (surut) ombak wau kados redi ageng. Ing dalem dhawuh boten wonten ingkang nedahaken bilih saganten wau dipun pérarg-pérang dados pinten-pinten pérangan. Prayogi dipun pèngeti pisan, tembung *thaud* punika tegesipun *redi, barang ingkang inggil, utawi bumi ingkang manglung amingklik-mingklik* (TA-LL), malah satunggaling juru- kidung dipun anggé kalayan mengku teges *punuking unta* (LA-LL).

a. 790
Ut. *sembah*

70 Nalika dhèwèké calathu marang tutuwané[a] sarta bangsané: Apa kang padha *kokawulani*?

إِذْ قَالَ لِأَبِيهِ وَقَوْمِهِ مَا تَعْبُدُونَ ﴿٧٠﴾

Ut. *nembah*

71 Padha calathu: Aku padha *ngawulani* brahala, dadi aku iki bakal padha dadi pandhèrèké.

قَالُوا نَعْبُدُ أَصْنَامًا فَنَظَلُّ لَهَا عَاكِفِينَ ﴿٧١﴾

Ar. *dhèwèké*

72 Calathuné: Apa *iku* krungu (panguwuh-)mu samangsa kowé padha nguwuh?

قَالَ هَلْ يَسْمَعُونَكُمْ إِذْ تَدْعُونَ ﴿٧٢﴾

73 Utawa apa makolèhi apa mitunani marang kowé?

أَوْ يَنْفَعُونَكُمْ أَوْ يَضُرُّونَ ﴿٧٣﴾

Ar. *nemu*

74 Padha calathu: Ora, ananging aku padha *manoni* bapak-bapakku padha nglakoni kaya mangkono iku.

قَالُوا بَلْ وَجَدْنَا آبَاءَنَا كَذَٰلِكَ يَفْعَلُونَ ﴿٧٤﴾

Ut. *angen-angen*
Ut. *sembah*

75 Calathuné: Lah apa wis padha *kopramanakaké* barang kang padha *kokawulani* iki:

قَالَ أَفَرَأَيْتُمْ مَا كُنْتُمْ تَعْبُدُونَ ﴿٧٥﴾

76 Kowé lan bapak-bapakmu ing kuna-kuna?

أَنْتُمْ وَآبَاؤُكُمُ الْأَقْدَمُونَ ﴿٧٦﴾

Ar. *dhèwèké iku*

77 Sayekti, *iku* mungsuh tumrapé aku, ananging Pangéraning ngalam kabèh ora (mangkono):

فَإِنَّهُمْ عَدُوٌّ لِي إِلَّا رَبَّ الْعَالَمِينَ ﴿٧٧﴾

78 Kang anitahaké aku, tumuli Panjenengané iku atedah dalan aku.

الَّذِي خَلَقَنِي فَهُوَ يَهْدِينِ ﴿٧٨﴾

79 Lan Panjenengané iku Kang aparing mangan lan ngombé marang aku:

وَالَّذِي هُوَ يُطْعِمُنِي وَيَسْقِينِ ﴿٧٩﴾

Ut. *nyata*

80 Lan samangsa aku lara Panjenengané banjur *marasaké.*

وَإِذَا مَرِضْتُ فَهُوَ يَشْفِينِ ﴿٨٠﴾

81 Lan Kang bakal aparing pati tumuli aparing urip marang aku.

وَالَّذِي يُمِيتُنِي ثُمَّ يُحْيِينِ ﴿٨١﴾

82 Lan kang dak arep-arep ing dina pancasan bakal aparing pangapura marang aku ing kaluputanku:[1817]

وَاغْفِرْ لِأَبِي إِنَّهُ كَانَ مِنَ الضَّالِّينَ ﴿٨٦﴾

83 Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing kawicaksanan ing kawula saha anggolongaken kawula kaliyan para tulus:

رَبِّ هَبْ لِي حُكْمًا وَأَلْحِقْنِي بِالصَّالِحِينَ ﴿٨٣﴾

84 Saha mugi Tuwan andadosaken pocapan *utami* tumrap dhateng kula ing antawisipun para titiyang ing tembé:[a]

Ut. *nyata*

a. 1550

وَاجْعَل لِّي لِسَانَ صِدْقٍ فِي الْآخِرِينَ ﴿٨٤﴾

85 Saha mugi Tuwan andadosaken kawula dados golonganipun para ingkang sami amaris taman kabegjan:

وَاجْعَلْنِي مِن وَرَثَةِ جَنَّةِ النَّعِيمِ ﴿٨٥﴾

86 Saha mugi aparing pangapunten dhateng sesepuh kawula, saèstu piyambakipun punika kalebet golonganipun para tiyang sasar:

وَالَّذِي أَطْمَعُ أَن يَغْفِرَ لِي خَطِيئَتِي يَوْمَ الدِّينِ ﴿٨٢﴾

87 Saha mugi sampun angasoraken kawula ing dintenipun (*titiyang*) sami tinangèkaken.

Ut. piyam-*bakipun*

وَلَا تُخْزِنِي يَوْمَ يُبْعَثُونَ ﴿٨٧﴾

88 Ing dinten, ingkang bandha, anak-anak boten badhé migunani.

يَوْمَ لَا يَنفَعُ مَالٌ وَلَا بَنُونَ ﴿٨٨﴾

89 Kajawi sinten ingkang marek ing Allah kalayan manah wilujeng.

إِلَّا مَنْ أَتَى اللَّهَ بِقَلْبٍ سَلِيمٍ ﴿٨٩﴾

90 Lan taman iku dicedhakaké tumrap kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala).

وَأُزْلِفَتِ الْجَنَّةُ لِلْمُتَّقِينَ ﴿٩٠﴾

1817. Labet saking anggènipun tansah ngrumaosi ing kasèkènganipun, mila para andika nabi punika tansah nyuwun pangreksanipun Allah. Tetembungan bangsanipun ingkang kados makaten punika, boten wonten sanès suraosipun, kajawi namung ateges medharaken kasèkènganipun manusa wonten ing ngarsaning mahasampurnanipun Pangéran, dados boten kok dados pratandha, bilih sami nandhang dosa. Kula aturi nandhing kaliyan pangandikanipun Gusti Yesus ingkang saèmper kados makaten wau suraosipun, inggih punika pangandika ingkang asuraos ngakeni ing kasèkènganipun: "kapriyé déné aku koarani utama? Ora ana kang utama kajaba mung siji, yaiku Allah "(Mat. 19.17). Punika boten ateges bilih Yesus punika tiyang awon, wangsul wonten ing ngarsaning Pangéran, Tuking

91 Lan naraka iku bakal dikatonaké tumrap kang padha léna,[1818]

وَبُرِّزَتِ الْجَحِيمُ لِلْغَاوِينَ ﴿٩١﴾

92 Lan bakal padha dipangandikani: Endi barang kang padha sira *kawulani.*

Ut. *kosembah*

وَقِيلَ لَهُمْ أَيْنَمَا كُنْتُمْ تَعْبُدُونَ ﴿٩٢﴾

93 Saliyané Allah? Apa padha bisa mitulungi sira utawa mitulungi awaké dhéwé?

مِنْ دُونِ اللَّهِ هَلْ يَنْصُرُونَكُمْ أَوْ يَنْتَصِرُونَ ﴿٩٣﴾

94 Banjur bakal padha dicemplungaké ing kono, dhèwèké sarta para kang padha léna iku,

فَكُبْكِبُوا فِيهَا هُمْ وَالْغَاوُونَ ﴿٩٤﴾

95 Apa déné para wadyabalané iblis, kabèh.

وَجُنُودُ إِبْلِيسَ أَجْمَعُونَ ﴿٩٥﴾

96 Bakal padha calathu, karo ana ing kono padha padu:

قَالُوا وَهُمْ فِيهَا يَخْتَصِمُونَ ﴿٩٦﴾

97 Dhemi Allah! temen aku padha ana ing sajroning sasar kang tétéla,

تَاللَّهِ إِنْ كُنَّا لَفِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ﴿٩٧﴾

98 Nalikané aku padha amadhakaké kowé karo Pangéraning kabèh ngalam:

إِذْ نُسَوِّيكُمْ بِرَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿٩٨﴾

99 Lan ora ana kang nasaraké aku kabèh kajaba para kang padha dosa:

وَمَا أَضَلَّنَا إِلَّا الْمُجْرِمُونَ ﴿٩٩﴾

100 Lah aku padha ora duwé *juru-lantaran.*

Ut. *pantara*

فَمَا لَنَا مِنْ شَافِعِينَ ﴿١٠٠﴾

101 Lan ora duwé mitra kang tuhu:

وَلَا صَدِيقٍ حَمِيمٍ ﴿١٠١﴾

sadaya kasaénan, sampun samesthinipun manawi panjenenganipun ngrumaosi, bilih manusa makaten boten gadhah wewenang sinebat saé.

1818. Naraka dipun katingalaken, punika nedahaken bilih naraka punika pancèn sampun wonten, nanging taksih sumingid saking mripating manusa; bénjing ing dinten kiyamat, naraka wau badhé kadamel cetha-pratéla.

102 Lah upama ta aku iki padha bisaa bali, amasthi aku bakal padha dadi éwoning para mukmin.

فَلَوْ أَنَّ لَنَا كَرَّةً فَنَكُونَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ﴿١٠٢﴾

103 Sayekti, ing kono iku temen
Ar. *lan* ana sawijining tandha, *ananging* sing akèh padha ora angèstu.

إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُمْ مُؤْمِنِينَ ﴿١٠٣﴾

104 Lan sayekti Pangéranira iku temen Ingkang-Minulya, Ingkang-Mahaasih.

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ﴿١٠٤﴾

RUKU' 6

Lalampahanipun Nabi Nuh

105 Kaumé Nuh anggorohaké
a. 901 para utusan.[a]

كَذَّبَتْ قَوْمُ نُوحٍ الْمُرْسَلِينَ ﴿١٠٥﴾

106 Nalikané Nuh, sadaluré, acalathu marang dhèwèké: Apa kowé padha arep anjaga dhirimu (saka ing ala)?

إِذْ قَالَ لَهُمْ أَخُوهُمْ نُوحٌ أَلَا تَتَّقُونَ ﴿١٠٦﴾

107 Sayekti aku iki utusan kang pinitaya marang kowé kabèh:

إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ﴿١٠٧﴾

108 Mulané padha anjagaa dhirimu (saka ing siksaning) Allah sarta padha ambangun-turuta marang aku:

فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١٠٨﴾

109 Lan aku ora anjaluk pituwas marang kowé ingatasé prakara iku; pituwas muhung ana ngarsané Pangéraning kabèh ngalam.

وَمَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ ۖ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿١٠٩﴾

110 Mulané padha anjagaa dhirimu (saka ing siksaning) Allah sarta padha ambangun-turuta marang aku.

فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١١٠﴾

111 Dhèwèké padha calathu: Apa aku dadak padha angèstu
Ar. *lan* marang kowé, *kang mangka* sing manut marang kowé para wong asor?

قَالُوا أَنُؤْمِنُ لَكَ وَاتَّبَعَكَ الْأَرْذَلُونَ ﴿١١١﴾

قَالَ وَمَا عِلْمِي بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١١٢﴾

112 Calathuné: Apa kawruhku marang barang kang padha dilakoni?

إِنْ حِسَابُهُمْ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّي لَوْ تَشْعُرُونَ ﴿١١٣﴾

113 Pétungané muhung ana ngarsaning Pangéranku, yèn ta kowé padha sumurupa:

وَمَا أَنَا بِطَارِدِ الْمُؤْمِنِينَ ﴿١١٤﴾

114 Lan aku ora bakal nulak para mukmin:

إِنْ أَنَا إِلَّا نَذِيرٌ مُبِينٌ ﴿١١٥﴾

115 Lan aku iki ora liya kajaba juru-pépéling kang tétéla.

قَالُوا لَئِنْ لَمْ تَنْتَهِ يَا نُوحُ لَتَكُونَنَّ مِنَ الْمَرْجُومِينَ ﴿١١٦﴾

116 Dhèwèké padha calathu: yèn kowé ora marèni, é, Nuh, amasthi kowé bakal dadi golongané para kang padha mati-binenturan.

قَالَ رَبِّ إِنَّ قَوْمِي كَذَّبُونِ ﴿١١٧﴾

117 Unjuké: Pangéran kawula! saèstu, kaum kawula sami anggorohaken kawula:

فَافْتَحْ بَيْنِي وَبَيْنَهُمْ فَتْحًا وَنَجِّنِي وَمَنْ مَعِيَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ ﴿١١٨﴾

118 Mila mugi Tuwan amancasi antawisipun kawula kaliyan *piyambakipun* kaliyan pancasan (ingkang jejeg) saha mugi Tuwan milujengaken kawula saha para mukmin kanthi kawula.

Ar. *antawisipun piyambakipun*

فَأَنْجَيْنَاهُ وَمَنْ مَعَهُ فِي الْفُلْكِ الْمَشْحُونِ ﴿١١٩﴾

119 Mulané Ingsun nylametaké dhèwèké sakanthiné ana ing prau akebak.

ثُمَّ أَغْرَقْنَا بَعْدُ الْبَاقِينَ ﴿١٢٠﴾

a. 1180

120 Tumuli, sawisé iku, Ingsun angelem sakariné.[a]

إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُمْ مُؤْمِنِينَ ﴿١٢١﴾

121 Sayekti, ing kono iku ana sawijining tandha, *ananging* sing akèh padha ora angèstu.

Ar. *lan*

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ﴿١٢٢﴾

122 Lan sayekti Pangéranira iku temen Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih.

RUKU’ 7

Lalampahanipun Nabi Hud

123 ‘Ad anggorohaké para utusan.[b] كَذَّبَتْ عَادٌ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿١٢٣﴾

b. 903

124 Nalika Hud, saduluré, calathu marang dhèwèké: Apa kowé padha ora arep anjaga dhirimu (saka ing ala)? إِذْ قَالَ لَهُمْ أَخُوهُمْ هُودٌ أَلَا تَتَّقُونَ ﴿١٢٤﴾

125 Sayekti aku iki utusan kang pinitaya marang kowé kabèh: إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ﴿١٢٥﴾

126 Mulané padha anjagaa dhirimu (saka ing siksaning) Allah sarta ambangun-turuta marang aku: فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١٢٦﴾

127 Lan aku ora anjaluk pituwas marang kowé ing atasé prakara iku; pituwasku muhung ana ngarsané Pangéraning kabèh ngalam: وَمَا أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ ۖ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلَىٰ رَبِّ الْعَالَمِينَ ﴿١٢٧﴾

128 Apa kowé padha angedegaké tandha (pangéling-éling) ing sarupaning enggon kang dhuwur? Muspra panggawému iku:[1819] أَتَبْنُونَ بِكُلِّ رِيعٍ آيَةً تَعْبَثُونَ ﴿١٢٨﴾

Ut. *angalap*

129 Lan kowé padha *yasa* bètèng santosa, amurih kowé padha lestaria: وَتَتَّخِذُونَ مَصَانِعَ لَعَلَّكُمْ تَخْلُدُونَ ﴿١٢٩﴾

130 Lan samangsa kowé anyekel (uwong), anggonmu nyekel (kaya) para ambek-sawenang-wenang. وَإِذَا بَطَشْتُمْ بَطَشْتُمْ جَبَّارِينَ ﴿١٣٠﴾

131 Mulané padha anjagaa dhirimu (saka ing siksaning) Allah sarta ambangun-turuta marang aku: فَاتَّقُوا اللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١٣١﴾

1819. Tembung *ayah* punika wantahipun ateges *tandha*. Ing ngriki tembung wau mengku teges *griya inggil wonten ingkang murugaken kajuwara minangka dados tandhaning kaagungan.* Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih griya inggil punika dipun anggé kanggé nindakaken sawenang-wenang dhateng ngasanès, awit kados déné ingkang kacetha ing ayat 130, titiyang ‘Ad sami atindak wengis saha sawenang-wenang, déné awakipun piyambak sami rumaos aman wonten ing salebeting bebètèngipun.

132 Sarta padha dingati-ati (ing wajibmu) marang Kang lubèr paparing-É marang kowé barang kang kowé padha weruh:

وَاتَّقُوا الَّذِي أَمَدَّكُم بِمَا تَعْلَمُونَ ﴿١٣٢﴾

Ar. *kalawan*

Ar. *anak-anak*

133 Panjenengané lubèr apaparing marang sira *arupa* rajakaya lan *anak akèh*:

أَمَدَّكُم بِأَنْعَامٍ وَبَنِينَ ﴿١٣٣﴾

134 Apa déné patamanan lan susumberan:

وَجَنَّاتٍ وَعُيُونٍ ﴿١٣٤﴾

135 Sayekti aku iki nguwatiraké kowé kabèh marang siksa ing dina kang agung.

إِنِّي أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيمٍ ﴿١٣٥﴾

Ar. *utawa*

136 Padha calathu: Ingatasé aku padha baé, apa kowé amituturi *apa* kowé ora dadi golongané para juru-pitutur.

قَالُوا سَوَاءٌ عَلَيْنَا أَوَعَظْتَ أَمْ لَمْ تَكُن مِّنَ الْوَاعِظِينَ ﴿١٣٦﴾

137 Iki ora liya kajaba tatacarané wong kuna:[1820]

إِنْ هَٰذَا إِلَّا خُلُقُ الْأَوَّلِينَ ﴿١٣٧﴾

138 Lan ora bakal aku padha kena siksa.

وَمَا نَحْنُ بِمُعَذَّبِينَ ﴿١٣٨﴾

Ar. *lan*

139 Dadiné padha anggorohaké dhèwèké, mulané padha Ingsun lebur. Sayekti, ing kono iku temen ana sawijining tandha, *ananging* sing akèh padha ora angèstu.

فَكَذَّبُوهُ فَأَهْلَكْنَاهُمْ ۗ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ﴿١٣٩﴾

140 Lan sayekti, Pangéranira iku temen Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih.

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ﴿١٤٠﴾

RUKU' 8

Lalampahanipun Nabi Salih

a. 911

141 Tsamud[a] anggorohaké para utusan;

كَذَّبَتْ ثَمُودُ الْمُرْسَلِينَ ﴿١٤١﴾

1820. Terangipun, barang punika sadaya sampun wonten wiwit jaman kina.

142 Nalika Salèh, sadulurė, acalathu marang dhèwèké: Apa kowé padha ora arep anjaga dhiri (saka ing ala)?	إِذْ قَالَ لَهُمْ أَخُوهُمْ صٰلِحٌ أَلَا تَتَّقُونَ ﴿١٤٢﴾
143 Sayekti aku iki utusan kang pinitaya marang kowé kabèh:	إِنِّي لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ﴿١٤٣﴾
144 Mulané padha anjagaa dhirimu (saka ing siksaning) Allah sarta padha ambangun-turuta marang aku:	فَاتَّقُوا اللّٰهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١٤٤﴾
145 Lan aku ora anjaluk pituwas marang kowé ingatasé prakara iku; pituwasku muhung ana ing ngarsané Pangéraning kabèh ngalam:	وَمَا أَسْئَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ ۚ إِنْ أَجْرِيَ إِلَّا عَلٰى رَبِّ الْعٰلَمِينَ ﴿١٤٥﴾
146 Apa kowé bakal padha ditogaké aman baé ana ing barang kang mangkéné iki:	أَتُتْرَكُونَ فِي مَا هٰهُنَا آمِنِينَ ﴿١٤٦﴾
147 Ana ing patamanan lan susumberan.	فِي جَنّٰتٍ وَعُيُونٍ ﴿١٤٧﴾
148 Sarta pagagan tuwin wit kurma kang mayangé lemes?	وَزُرُوعٍ وَنَخْلٍ طَلْعُهَا هَضِيمٌ ﴿١٤٨﴾
149 Lan kowé padha anatahi gunung kanggo omah kalawan suka parisuka:	وَتَنْحِتُونَ مِنَ الْجِبَالِ بُيُوتًا فٰرِهِينَ ﴿١٤٩﴾
150 Mulané padha anjagaa dhirimu (saka ing siksaning) Allah sarta padha ambangun-turuta marang aku:	فَاتَّقُوا اللّٰهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١٥٠﴾
151 Sarta aja padha ambangun turut marang paréntahé para kang langkah wates.	وَلَا تُطِيعُوا أَمْرَ الْمُسْرِفِينَ ﴿١٥١﴾
152 Kang padha agawé wisuna ing bumi sarta ora padha alaku tulus.	الَّذِينَ يُفْسِدُونَ فِي الْأَرْضِ وَلَا يُصْلِحُونَ ﴿١٥٢﴾

قَالُوٓا إِنَّمَآ أَنتَ مِنَ ٱلْمُسَحَّرِينَ ١٥٣

153 Dhèwèké padha calathu: Kowé iku mung kalebu golongané para kang kena ing kemayan:

مَآ أَنتَ إِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُنَا فَأْتِ بِـَٔايَةٍ إِن كُنتَ مِنَ ٱلصَّٰدِقِينَ ١٥٤

154 Ora liya kowé kuwi kajaba mung wong sapadhaku; mulané anekakna tandha yekti manawa kowé iku éwoning para wong temen.

a. 913

قَالَ هَٰذِهِۦ نَاقَةٌ لَّهَا شِرْبٌ وَلَكُمْ شِرْبُ يَوْمٍ مَّعْلُومٍ ١٥٥

155 Calathuné: Iki unta wadon;[a] iki bakal olèh bagéan ombèn-ombèn lan kowé bakal padha olèh bagéan ombèn-ombèn ing wayah kang tinamtu:[1821]

وَلَا تَمَسُّوهَا بِسُوٓءٍ فَيَأْخُذَكُمْ عَذَابُ يَوْمٍ عَظِيمٍ ١٥٦

156 Lan aja padha anggrayang iki kalawan piala, mundhak kowé padha kena siksané dina kang anggigirisi.

فَعَقَرُوهَا فَأَصْبَحُوا نَٰدِمِينَ ١٥٧

157 Ananging iku padha diprajaya, satemah padha *getun*.

Ar. *dadi wong kang getun*

فَأَخَذَهُمُ ٱلْعَذَابُ ۗ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ١٥٨

158 Tumuli siksa anempuh dhèwèké. Sayekti ing kono iku temen ana sawijining tandha, *ananging* sing akèh padha ora angèstu.

Ar. *lan*

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ١٥٩

159 Lan sayekti Pangéranira iku temen Ingkang-Minulya, Ingkang-Mahaasih.

1821. Wonten ing ayat 149 katerangaken bilih kaum Tsamud sami natahi redi kanggé griya. Nitik dhawuh punika tuwin dhawuh ing 54: 28. sajakipun ing ngriku namung wonten sumber sakedhik, sarta bok manawi kémawon sumber-sumber wau dipun jagi sanget, bikakipun namung kala-kala, ing wekdal ingkang sampun katamtokaken. Sajakipun Kanjeng Nabi malih mundhut, supados unta-èstri wau dipun lilanana ngombé ing wekdal bikakipun sumber wau. Mirsanana kateranganipun dhawuh ing 54: 28. Dhawuh ing 54: 28 wonten tembungipun كل شرب محتضر tegesipun, saben ngedum toya unta-èstri wau inggih angsal panduman utawi unta-èstri wau mesthi angsal panduman toya, samangsa sanès-sanèsipun inggih angsal ombèn. Pamundhut saminipun punika tumrap gagayeman, kasebutaken wonten ing 11: 64 kalayan dhawuh ingkang mungel makaten: "karebèn baé mangan ana ing bumining Allah." Dhawuh wau ugi kasambetan dhawuh, kados déné sambetipun dhawuh mundhut ombèn punika, ingkang makaten ungelipun: "Lan aja kowé anggepok kalawan piala."

Tembung *syirb* punika ateges ngombé, utawi *toya ingkang dados pandumanipun satunggaling tiyang, utawi panggènan ngandum toya, utawi wekdal nyukani ombèn*. Ing dalem kukum tembung wau ateges migunakaken toya kanggé ngoncori sabin lan kanggé ngombèni kéwan (LL).

RUKU' 9

Lalampahanipun Nabi Luth

160 Kaumé Luth anggorohaké para utusan.

كَذَّبَتْ قَوْمُ لُوْطِ ࣙالْمُرْسَلِيْنَ ۚ ﴿١٦٠﴾

161 Nalika Luth, saduluré, calathu marang dhèwèké: Apa kowé ora padha arep anjaga dhirimu (saka ing ala)?

اِذْ قَالَ لَهُمْ اَخُوْهُمْ لُوْطٌ اَلَا تَتَّقُوْنَ ۚ ﴿١٦١﴾

162 Sayekti aku iki utusan kang pinitaya marang kowé kabèh:

اِنِّيْ لَكُمْ رَسُوْلٌ اَمِيْنٌ ۙ ﴿١٦٢﴾

163 Mulané padha anjagaa dhirimu (saka ing siksaning) Allah sarta ambangun-turuta marang aku.

فَاتَّقُوا اللّٰهَ وَاَطِيْعُوْنِ ۚ ﴿١٦٣﴾

164 Lan aku ora anjaluk pituwas marang kowé ingatasé prakara iku; pituwasku muhung ana ing ngarsané Pangéraning kabèh ngalam:

وَمَآ اَسْئَلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ اَجْرٍ ۚ اِنْ اَجْرِيَ اِلَّا عَلٰى رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۗ ﴿١٦٤﴾

165 Apa! kowé padha anekani para wong lanang saka antaraning para titah,

اَتَاْتُوْنَ الذُّكْرَانَ مِنَ الْعٰلَمِيْنَ ۙ ﴿١٦٥﴾

166 Sarta aninggal apa kang wus katitahaké déning Pangéranmu tumrap marang kowé kabèh, yaiku para rabimu? O, tetep kowé iku bangsa kang mlangkah wates.

وَتَذَرُوْنَ مَا خَلَقَ لَكُمْ رَبُّكُمْ مِّنْ اَزْوَاجِكُمْ ۗ بَلْ اَنْتُمْ قَوْمٌ عٰدُوْنَ ﴿١٦٦﴾

167 Dhèwèké padha calathu: Manawa kowé ora anglèrèni, é, Luth, amasthi kowé dadi golongané wong kang padha tinundhung.

قَالُوْا لَىِٕنْ لَّمْ تَنْتَهِ يٰلُوْطُ لَتَكُوْنَنَّ مِنَ الْمُخْرَجِيْنَ ﴿١٦٧﴾

168 Calathuné: Sayekti, aku iki éwoné wong kang padha sengit banget ing panggawému:

قَالَ اِنِّيْ لِعَمَلِكُمْ مِّنَ الْقَالِيْنَ ۗ ﴿١٦٨﴾

169 Pangéran kawula! mugi Tuwan milujengaken kawula saha ahli kawula saking punapa pandamelipun.

رَبِّ نَجِّنِيْ وَاَهْلِيْ مِمَّا يَعْمَلُوْنَ ﴿١٦٩﴾

170 Tumuli Ingsun nylametaké dhèwèké saahliné kabèh,

فَنَجَّيْنَٰهُ وَأَهْلَهُۥٓ أَجْمَعِينَ ﴿١٧٠﴾

171 Kajaba wong wadon tuwa siji ing antarané para kang padha kèri.[1822]

إِلَّا عَجُوزًا فِى ٱلْغَٰبِرِينَ ﴿١٧١﴾

172 Tumuli liyané iku padha Ingsun sirnakaké babar pisan.

ثُمَّ دَمَّرْنَا ٱلْءَاخَرِينَ ﴿١٧٢﴾

a. 918

173 Lan Ingsun angudanaké udan marang dhèwèké,[a] lah ala udan kang anibani para kang dipépélingi iku.

وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهِم مَّطَرًا ۖ فَسَآءَ مَطَرُ ٱلْمُنذَرِينَ ﴿١٧٣﴾

Ar. *lan*

174 Sayekti ing kono iku temen ana sawijining tandha, *ananging* sing akèh padha ora angèstu.

إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَةً ۖ وَمَا كَانَ أَكْثَرُهُم مُّؤْمِنِينَ ﴿١٧٤﴾

175 Lan sayekti, Pangéranira iku temen Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih.

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ﴿١٧٥﴾

RUKU' 10

Lalampahanipun Nabi Syu'aib

176 Para wong kang padha manggon ing grumbulan padha anggorohaké para utusan.[1823]

كَذَّبَ أَصْحَٰبُ لْـَٔيْكَةِ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿١٧٦﴾

177 Nalika Syu'aib calathu marang dhèwèké: Apa kowé ora padha arep anjaga dhirimu (saka ing ala)?

إِذْ قَالَ لَهُمْ شُعَيْبٌ أَلَا تَتَّقُونَ ﴿١٧٧﴾

178 Sayekti, aku iki utusan kang pinitaya marang kowé kabèh:

إِنِّى لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ﴿١٧٨﴾

179 Mulané padha anjagaa dhirimu (saka ing siksaning) Allah sarta padha ambangun-turuta marang aku:

فَٱتَّقُوا ٱللَّهَ وَأَطِيعُونِ ﴿١٧٩﴾

1822. Inggih punika garwanipun Kanjeng Nabi Luth.
1823. Punika sami kaliyan titiyang ing Madyan.

180 Lan aku ora anjaluk pituwas marang kowé ingatasé prakara iku; pituwasku muhung mung ana ing ngarsané Pangéraning kabèh ngalam:

وَمَآ اَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ اَجْرٍۚ اِنْ
اَجْرِيَ اِلَّا عَلٰى رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۗ ١٨٠

181 Padha dikebak ing taker sarta aja padha dadi golongané para kang ngurangi:

اَوْفُوا الْكَيْلَ وَلَا تَكُوْنُوْا مِنَ الْمُخْسِرِيْنَۚ ١٨١

182 Sarta padha nimbanga (barang-barang) kalawan traju kang jejeg.

وَزِنُوْا بِالْقِسْطَاسِ الْمُسْتَقِيْمِۚ ١٨٢

Ut. *hak-haking*

183 Lan aja padha angurangi *barang-barang ing* wong-wong sarta aja padha atindak rusuh ing bumi, agawé wisuna:

وَلَا تَبْخَسُوا النَّاسَ اَشْيَاۤءَهُمْ وَلَا
تَعْثَوْا فِى الْاَرْضِ مُفْسِدِيْنَۚ ١٨٣

184 Lan padha anjagaa dhirimu (saka ing siksané) Kang anitahaké kowé kabèh sarta para bangsa sing dhisik-dhisik.[1824]

وَاتَّقُوا الَّذِيْ خَلَقَكُمْ وَالْجِبِلَّةَ الْاَوَّلِيْنَ ١٨٤

185 Dhèwèké padha calathu: Kowé iku rak mung golongané para kang kena ing kemayan:

قَالُوْٓا اِنَّمَآ اَنْتَ مِنَ الْمُسَحَّرِيْنَ ۙ ١٨٥

186 Lan kowé iku ora liya kajaba mung uwong papadhaku sarta aku padha weruh yèn kowé iku temen éwoné wong-wong goroh:

وَمَآ اَنْتَ اِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُنَا وَاِنْ
نَّظُنُّكَ لَمِنَ الْكٰذِبِيْنَ ۚ ١٨٦

187 Mulané (coba) nibakna gempalaning langit marang aku manawa kowé iku éwoné para wong temen.[1825]

فَاَسْقِطْ عَلَيْنَا كِسَفًا مِّنَ السَّمَاۤءِ اِنْ
كُنْتَ مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ۗ ١٨٧

1824. Tembung *jibillah* punika tegesipun watek, sifat, utawi wantu. Déné ing ngriki kaanggep sami kaliyan tembung ذوى الجبلة jawinipun barang-barang ingkang katitahaken (Kf, Bd, JB). Nanging tembung *jibillah* punika ugi sami kaliyan tembung *jibill*, sarta para ahlibasa sami angakeni tembung kakalih wau mengku teges sami, inggih punika: kempalipun tiyang kathah utawi bangsa, utawi umat (Q-LL).

1825. *Kisaf* tegesipun pérangan (Rgh). Péranganing langit (gempalaning langit) tegesipun siksa saking langit, ingkang manut gagasanipun titiyang Madyan kaancamaken dhateng piyambakipun Kanjeng Nabi Syu'aib. Miturut JB, *kisaf* tegesipun *siksa*.

188 Calathuné: Pangéranku luwih wikan marang apa kang padha kolakoni.[1826]

قَالَ رَبِّيٓ أَعۡلَمُ بِمَا تَعۡمَلُونَ ﴿١٨٨﴾

189 Ananging padha anggorohaké dhèwèké, mulané padha tinempuh ing siksaning dina *kang anglimputi*; sayekti iku siksaning dina kang anggigirisi.[1827]

Ut. *lilimput*

فَكَذَّبُوهُ فَأَخَذَهُمۡ عَذَابُ يَوۡمِ ٱلظُّلَّةِۚ إِنَّهُۥ كَانَ عَذَابَ يَوۡمٍ عَظِيمٍ ﴿١٨٩﴾

190 Sayekti ing kono iku temen ana sawijining tandha, ananging sing akèh padha ora angèstu.

إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗۖ وَمَا كَانَ أَكۡثَرُهُم مُّؤۡمِنِينَ ﴿١٩٠﴾

191 Lan sayekti Pangéranira iku temen Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih.

وَإِنَّ رَبَّكَ لَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ﴿١٩١﴾

RUKU' 11

Para titiyang ing Makkah sami dipun pèngeti

192-195. Kanjeng Nabi Suci apèpènget dhateng tiyang ing Makkah. 196-199. Weca ing wewedharan ingkang rumiyin-rumiyin. 200-209. Sami anggégé siksa. 210-223. Ngajak dhateng katulusan sarta kasunyatan punika masthi sanès padamelanipun sétan. 224-227. Quran Suci sanès dadamelanipun juru-kidung.

192 Sayekti, iku wedharing dhawuhé Pangéraning ngalam kabèh.

وَإِنَّهُۥ لَتَنزِيلُ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿١٩٢﴾

193 Ruh-Pinitaya tumurun kalawan (angampil) iku,[1828]

نَزَلَ بِهِ ٱلرُّوحُ ٱلۡأَمِينُ ﴿١٩٣﴾

194 Marang atinira, supaya sira dadi éwoning para juru-pépéling,[1829]

عَلَىٰ قَلۡبِكَ لِتَكُونَ مِنَ ٱلۡمُنذِرِينَ ﴿١٩٤﴾

1826. Kedah dipun pèngeti bilih panyuwun dhumawahing siksa ingkang kaancamaken, punika mesthi lajeng kawangsulan kaliyan dhawuh, ingkang asuraos bilih prakawis wau wonten ing astanipun Allah. Nalika mengsah-mengsahipun para andika nabi ingkang sampun-sampun sami nyuwun dhumawahing siksa wau, dipun paringi wangsulan kados makaten wau, makaten ugi wangsulan ingkang dhateng panyuwunipun para titiyang Quraisy. Menggah ing sajatos-jatosipun dhawuh wangsulan ingkang kados makaten wau sami kémawon suraosipun kaliyan andhawuhaken, bilih prakawis wau mesthi badhé kelampahan kanthi sampurna.

1827. *Dzu'llah* punika tegesipun ayang-ayangan utawi *tutup*. Déné mila dinten dhumawahing siksa punika sinebut *dintening tutup* (*dintening limput*), awit dinten wau nutupi (anglimputi) para titiyang wau kalayan siksa.

1828. Ruh-Pinitaya punika rnalaikat Jibril, inggih punika ingkang ngampil wahyuning Pangéran ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Suci. Dados Al-Amin karawuhan *Ruhu-l-Amin* saking nginggil.

1829. Pangandika marang atinira, punika kanggé anedahaken bilih panggalihipun Kanjeng Nabi –

195 Kalawan basa Arab kang terang.

بِلِسَانٍ عَرَبِيٍّ مُّبِينٍ ﴿١٩٥﴾

196 Lan sayekti, iku temen ana ing sajroning kitab-kitabé para wong kuna-kuna.[1830]

وَإِنَّهُ لَفِي زُبُرِ الْأَوَّلِينَ ﴿١٩٦﴾

197 Apa tumrapé dhèwèké kabèh iku ora dadi tandha, déné para ngulamané turun Israil padha nyumurupi iku?

أَوَلَمْ يَكُن لَّهُمْ آيَةً أَن يَعْلَمَهُ عُلَمَاءُ بَنِي إِسْرَائِيلَ ﴿١٩٧﴾

198 Lan lamun iku Ingsun turunaké marang sawenèhing para wong manca,

وَلَوْ نَزَّلْنَاهُ عَلَىٰ بَعْضِ الْأَعْجَمِينَ ﴿١٩٨﴾

199 Banjur macakaké iku marang dhèwèké kabèh, iku dhèwèké ora bakal padha angèstu.[1831]

فَقَرَأَهُ عَلَيْهِم مَّا كَانُوا بِهِ مُؤْمِنِينَ ﴿١٩٩﴾

---

inggih ingkang nampèni wahyu ingkang kinawasa wau – punika terang manawi tansah tumanggap kalayan setya tuhu dhateng kasunyatan agung ingkang kawahyokaken ing ngriku. Budipakerti luhur tuwin kasunyatan agung ingkang anglimputi sagung para manusa, ingkang sumimpen wonten ing dalem Quran, punika suka gagambaran dhateng kula sami, kados punapa gambaripun ingkang sajati sisifatan adiluhung tuwin budipakarti luhur kados ingkang kawengku ing dhawuh, ingkang kagolong tumurun rumiyin piyambak, ingkang ungelipun makaten: “Lan sayekti, temen sira iku anglungguhi budi pakarti kang luhur” (68: 4). Siti ‘Aisyah, garwanipun Kanjeng Nabi ingkang wicaksana punika – inggih punika tiyang ingkang uninga saèstu dhateng sugengipun Kanjeng Nabi ing sadinten dinten – nalika dipun suwuni pirsa bab prakawis budipakartinipun Kanjeng Nabi, ngandika makaten: كان خلقه القرآن, jawinipun: *Budipakartiné Kanjeng Nabi* iku Quran. Pranyata punika pangandika wigatos saha adi-éndah tanpa sama, anggènipun anggambaraken budipakartinipun Kanjeng Nabi Suci. Dados karsanipun Siti ‘Aisyah, kalayan tetembungan ingkang cekak nyasmitakaken, bilih sadaya gagambaran ingkang angédab-édabaken, ingkang anggambaraken budipakarti luhur, ingkang kawahyokaken wonten ing Quran Suci, punika gambaring bubudènipun ingkang linuhung tiyang ingkang nampèni wahyu Quran (Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw).

1830. Kados sampun cetha bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika, piweca-piwecanipun kitab suci ingkang sampun-sampun, langkung-langkung piweca piwecanipun kitabipun suci ummat Bani Israil. Sawènèhipun piweca-piweca wau, sampun kasebutaken wonten ing tafsir punika. Ing ngriki namung perlu kasebutaken satunggal malih, inggih punika ingkang kasebut wonten ing Yesayah 54. Ing ngriku kasebutaken “anak-anakipun tiyang èstri ingkang ijèn” punika kapilih angungkuli “anak-anakipun tiyang èstri ingkang gadhah sémah’’ Dhawuh-dhawuh ingkang nyebutaken titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani, punika mesthi dhawuh ingkang tumurun ing Makkah. Kateranganipun Imam Sayuthi tuwin sanès-sanèsipun, ingkang amastani bilih ayat punika mesthi tumurun ing Madinah, dupèh mawi nyebutaken “para ngulamané turun Israil,” punika babar pisan boten wonten watonipun.

1831. Awit piweca sampun anélakaken kanthi cetha. bilih ingkang badhé nampèni wahyu punika bangsa Arab; mirsanana Yesayah 42: 11: “Sagara wedhi lan sakèhe kuthane anguluk-ulukna swarané, dalah saliring désa kang kadunungan bangsa Kedar.” Ing Prajanjian lami, Kedar, putranipun Kanjeng Nabi Isma’il, punika mengku teges bangsa Arab. Dados miturut piweca ing kina, wahju ingkang wekasan piyambak punika kedah kaparingaken dhateng satunggaling tiyang Arab.

200 Kaya mangkono anggon-Ingsun anglebokaké iku marang jeroning atiné para wong nandhang luput.[1832]	كَذٰلِكَ سَلَكۡنٰهُ فِىۡ قُلُوۡبِ الۡمُجۡرِمِيۡنَؕ ٢٠٠
201 Ora bakal padha angèstu marang iku nganti tumekané dhèwèké padha andeleng siksa kang anglarani;	لَا يُؤۡمِنُوۡنَ بِهٖ حَتّٰى يَرَوُا الۡعَذَابَ الۡاَلِيۡمَۙ ٢٠١
202 Iku banjur dumarojog anekani dhèwèké sarta padha ora anggraita;	فَيَاۡتِيَهُمۡ بَغۡتَةً وَّهُمۡ لَا يَشۡعُرُوۡنَۙ ٢٠٢
203 Banjur bakal padha calathu: Apa aku bakal padha diparingi sumené?	فَيَقُوۡلُوۡا هَلۡ نَحۡنُ مُنۡظَرُوۡنَؕ ٢٠٣
204 Apa malah padha anggégé marang siksa-Ningsun?	اَفَبِعَذَابِنَا يَسۡتَعۡجِلُوۡنَ ٢٠٤
205 Lah, apa ta sira wus amramanakaké: lamun dhèwèké wus padha Ingsun senengaké atataunan.	اَفَرَءَيۡتَ اِنۡ مَّتَّعۡنٰهُمۡ سِنِيۡنَۙ ٢٠٥
206 Tumuli apa kang diancamaké, tumeka marang dhèwèké,	ثُمَّ جَآءَهُمۡ مَّا كَانُوۡا يُوۡعَدُوۡنَۙ ٢٠٦
207 Barang kang ginawé anyenengaké mau ora bakal makolèhi marang dhèwèké?	مَاۤ اَغۡنٰى عَنۡهُمۡ مَّا كَانُوۡا يُمَتَّعُوۡنَؕ ٢٠٧
208 Lan Ingsun ora anglebur sawijining kutha kajaba manawa ing kono wus olèh juru-pépéling.	وَمَاۤ اَهۡلَكۡنَا مِنۡ قَرۡيَةٍ اِلَّا لَهَا مُنۡذِرُوۡنَ ۛ ٢٠٨
209 Kanggo angélingaké, lan ora pisan-pisan Ingsun iki anganiaya.	ذِكۡرٰى ۛ وَمَا كُنَّا ظٰلِمِيۡنَ ٢٠٩

1832. Tegesipun, Quran punika kalebetaken dhateng manahipun para titiyang wau asarana tandhayekti ingkang ambuktèkaken ing kayektènipun, tur tandhayekti ingkang saged adamel yakin. Nanging kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat sambetipun, para titiyang wau sami angemohi. Asring kémawon piyambakipun kepranan manahipun déning kayektènipun Quran sarta yakin dhateng kayektènipun Quran wau, nanging, kados déné ingkang kasebutaken kalayan cetha wonten ing panggénan sanès ing Quran Suci, para titiyang wau boten sami purun teluk, sadangunipun dèrèng kelampahan angsal tandhayekti kados ingkang kaparingaken dhateng para andika nabi ing kina.

210 Lan sétan-sétan ora padha tumurun kalawan iku;

وَمَا تَنَزَّلَتْ بِهِ الشَّيٰطِيْنُ ﴿۲۱۰﴾

211 Sarta ora mungguh tumrapé dhèwèké, apa déné (pancèn) padha ora bisa.

وَمَا يَنْۢبَغِيْ لَهُمْ وَمَا يَسْتَطِيْعُوْنَ ﴿۲۱۱﴾

212 Sayekti, dhèwèké iku diedohaké temenan saka ing krungu iku.[1833]

اِنَّهُمْ عَنِ السَّمْعِ لَمَعْزُوْلُوْنَ ﴿۲۱۲﴾

213 Mulané aja anguwuh sesembahan liyané anyartani Allah, mundhak kowé dadi éwoné para kang padha siniksa.

فَلَا تَدْعُ مَعَ اللّٰهِ اِلٰهًا اٰخَرَ فَتَكُوْنَ مِنَ الْمُعَذَّبِيْنَ ﴿۲۱۳﴾

214 Lan apépélinga marang sanakira kang cedhak,[1834]

وَاَنْذِرْ عَشِيْرَتَكَ الْاَقْرَبِيْنَ ﴿۲۱۴﴾

Ar. *ngrepepehna suwiwinira*

215 Lan *disumanak* marang para mukmin kang anut ing sira.

وَاخْفِضْ جَنَاحَكَ لِمَنِ اتَّبَعَكَ مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿۲۱۵﴾

Ut. *lebaran*

216 Déné manawa dhèwèké padha andhaga ing sira, lah sira calathua: Sayekti aku iki *wisuh* saka sabarang panggawému.

فَاِنْ عَصَوْكَ فَقُلْ اِنِّيْ بَرِيْٓءٌ مِّمَّا تَعْمَلُوْنَ ﴿۲۱۶﴾

1833. Bukti makaten punika sami kaliyan bukti ingkang naté kapangandikakaken Gusti Yesus makaten: “Sarta Sétan saupama nundhung Sétan, dadi pancèn adredah lan awaké dhéwé” (Mat. 12: 26). Kaselak mokal manawi Quran punika asli saking sétan utawi tiyang awon, jalaran Quran punika ngajak dhateng katulusan, jer tiyang ingkang atindak awon mirengaken pangajakipun Quran kémawon mesthi sampun boten purun. Kajawi punika, saupami Quran punika inggih nyata yasanipun sétan, yekti boten wonten sanès ingkang langkung kumacèlu ngajengi Quran wau kajawi inggih para atindak awon. Kula aturi mirsani ugi ayat 221-223 tuwin 1836.

1834. Nalika ayat punika katurunaken, Kanjeng Nabi Suci lajeng minggah ing redi Shafa sarwi nguwuh (nimbali) namanipun pancer satunggal-satunggal. Sareng utusanipun sadaya pancer sampun sami ngalempak – sawenèh ingkang dhateng wonten ing ngriku kadosta tiyang Quraisy tuwin Abu Lahab, mengsahipun bubuyutan Kanjeng Nabi Suci – Kanjeng Nabi lajeng medhar sabda makaten: “Kapriyé manawa aku martani ing kowé kabèh, yèn ana mungsuh andingkik ing kowé ana jujurang perlu arep nempuh ing kowé: apa kowé padha ngandel marang kandhaku?” Sadaya ingkang wonten ing ngriku lajeng asaurpeksi: “Iya! sabab aku kabèh ora tau nrenjuhi kowé ngucapake goroh.” Kanjeng Nabi lajeng ngandika: “yèn mangkono, padha weruha yèn aku iku juru-pépéling marang kowé kabèh ing siksa kang wis parek tekane.” Abu Lahab ingkang candhala ing budi punika lajeng wicanten: “Wong cilaka kowé iku! apa mung kok kon mangkéné iki olèhmu nglumpukaké aku kabeh iki?” (Bkh). Nanging punika boten ateges Kanjeng Nabi Suci boten naté memèngeti para titiyang wau ing sadèrèng-dèrèngipun. Dangu ing sadèrèngipun tumurun surat punika panjenenganipun sampun dhawah anggènipun dados juru-pèpènget dhateng sadaya bangsa (25: 1).

217 Lan sira pasraha marang Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih,[1835]

وَتَوَكَّلْ عَلَى الْعَزِيزِ الرَّحِيمِ ﴿٢١٧﴾

218 Kang amirsani sira nalikané sira ngadeg.

الَّذِي يَرَاكَ حِينَ تَقُومُ ﴿٢١٨﴾

219 Sarta mobah mosikira, ing antarané para kang padha sujud (maring Allah).

وَتَقَلُّبَكَ فِي السَّاجِدِينَ ﴿٢١٩﴾

220 Sayekti Panjenenganė iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Angudanèni.

إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ﴿٢٢٠﴾

221 Apa kowé padha gelem dak terangaké sapa sing dituruni sétan?

هَلْ أُنَبِّئُكُمْ عَلَىٰ مَنْ تَنَزَّلُ الشَّيَاطِينُ ﴿٢٢١﴾

222 Padha tumurun marang sarupaning wong dora-cara, dosa:

تَنَزَّلُ عَلَىٰ كُلِّ أَفَّاكٍ أَثِيمٍ ﴿٢٢٢﴾

223 Padha anilingaké pangrungu sarta sing akèh padha wong goroh.[1836]

يُلْقُونَ السَّمْعَ وَأَكْثَرُهُمْ كَاذِبُونَ ﴿٢٢٣﴾

224 Déné para juru-kidung, iku wong sasar padha *miturut*.

Ar. *miturut dhèwèké*

وَالشُّعَرَاءُ يَتَّبِعُهُمُ الْغَاوُونَ ﴿٢٢٤﴾

225 Apa kowé ora weruh, yèn dhèwèké iku padha klambrangan ana ing sarupaning *lèlèngkèh*?[1837]

Ut. *jujurang*

أَلَمْ تَرَ أَنَّهُمْ فِي كُلِّ وَادٍ يَهِيمُونَ ﴿٢٢٥﴾

226 Lan yèn padha angan-dhakaké apa kang awaké ora anglakoni,[1838]

وَأَنَّهُمْ يَقُولُونَ مَا لَا يَفْعَلُونَ ﴿٢٢٦﴾

1835. Ing ngriki Kanjeng Nabi kadhawuhan pasrah dhateng ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih. Mèh saben ruku' ing surat punika mesthi dipun pungkasi kalayan dhawuh punika. Ingkang makaten punika anedahaken, bilih anggènipun mangandikakaken nasib kojur ingkang dipun sandhang mengsah-mengsahipun para andika nabi ingkang sampun-sampun, punika namung perlu kanggé memèngeti mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi. Sifat *mahamulya* punika kagem amedharaken bilih Pangéran punika kawasa niksa dhateng tiyang duraka, déné sifat *mahaasih* kanggé anedahaken bilih tiyang tulus mesthi badhé manggih rahayu tuwin kamenangan.

1836. Bab ingkang karembag ing ayat 212 dipun wangsuli malih wonten ing ngriki, sarta dhawuh punika ngiyataken ingkang sampun karembag wonten ing 1833.

1837 Terangipun: sami atanpa tuju purugipun.

1838. Ing sakawit titiyang kafir mastani bilih Quran punika yasanipun sétan. Sareng katedahaken cengkahipun pandalih wau kaliyan watak-wantunipun Quran tuwin kaliyan katulusan ingkang

227 Kajaba para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, tuwin padha akèh élingé maring Allah apa déné padha nang-gulangi ing sawisé kina-niaya:[1839] lan para kang padha anganiaya bakal padha weruh, temah marang pabalèn apa ang-goné bakal padha bali.

إِلَّا الَّذِينَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ
وَ ذَكَرُوا اللّٰهَ كَثِيْرًا وَّ انْتَصَرُوْا مِنْ
بَعْدِ مَا ظُلِمُوْا ۗ وَسَيَعْلَمُ الَّذِيْنَ
ظَلَمُوْٓا اَيَّ مُنْقَلَبٍ يَّنْقَلِبُوْنَ ﴿٢٢٨﴾

kawulangaken Quran, piyambakipun lajeng gentos mastani bilih Quran punika yasanipun juru-kidung. Kanggé mangsuli rembag makaten punika, piyambakipun lajeng sami dipun dhawuhi, bilih ing Quran boten pinanggih wonten titik-titikanipun bilih yasan juru kidung. Juru-kidung boten gadhah tujuan, wangsul Quran wonten ingkang dipun maksud, inggih punika ambangun murih sucinipun gesanging tiyang ingkang manut dhateng Quran. Kaping kalihipun, para juru-kidung punika namung ngucapaken barang-barang ingkang boten dipun lampahi, wangsul Kanjeng Nabi, panjenenganipun punika boten namung tiyang ingkang mulangaken katulusan kémawon, nanging ugi dados tepa-tuladha nindakaken ngantos dumugi ing tindak samukawis ingkang kawulangaken. Titimbangan ingkang wigatos piyambak inggih punika: para juru-kidung boten saged ngucapaken piweca-piweca kados déné ingkang kasebut ing dalem Quran punika. Lah inggih bab prakawis punika, ingkang kapèngetaken wonten ing ayat candhakipun.

1839. Dhawuh punika anerangaken gambaripun para mukmin sajati ing saumumipun. Dhawuh pratélan énggal kawiwitan kalayan tembung *illa* (kajaba). Utawi inggih kénging kasuraos mengku karsa mligi mangandikakaken para juru-kidung ing antawisipun titiyang mukmin.

ايَاتُهَا ٩٣ (٢٧) سُورَةُ النَّمْلِ مَكِّيَّةٌ رُكُوعَاتُهَا ٧

SURAT 27

AN-NAML

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*7 ruku', 93 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kanjeng Nabi tampi timbalan, kados déné Kanjeng Nabi Musa makaten.
Ruku' 2, 3. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Sulaiman.
Ruku' 4. Kanjeng Nabi Salih lan Kanjeng Nabi Luth.
Ruku' 5. Para angèstu badhé dipun dadosaken luhur.
Ruku' 6. Qiyamat ruhani.
Ruku' 7. Sirnanipun para milawani ingkang ageng-ageng.

Namanipun

Namanipun surat punika kapendhet saking ayat 18 ingkang nyebutaken satunggaling pancer ingkang namanipun *Naml,* gagandhèngan kaliyan carios panglurugipun Kanjeng Nabi Sulaiman lumawan Ratu Putri ing Saba'. "Naml" ing ngriki ingkang dipun karsakaken pancer ingkang namanipun "Naml," dados sanès *semut,* kados déné ingkang katerangaken ing 1847.

Ingkang kawarsitakaken

Bab prakawis titimangsanipun tumurunipun surat punika tuwin panggènanipun wonten ing Quran, mirsanana purwaka ingkang minangka kateranganipun surat ingkang sampun. Ing ngriku ugi sampun katerangaken bilih ing bab ingkang karembag, punika mèh sami kémawon kaliyan ingkang karembag wonten ing surat ingkang sampun. Quran punika sabda pangandikanipun Gusti Allah ingkang katampi déning Kanjeng Nabi saking langit, boten prabéda lan timbalaning Pangéran ingkang katampi déning Kanjeng nabi Musa wonten ing Redi Sina, sarta mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi mesthi dipun patrapi kados déné patrapan ingkang katumrapaken dhateng mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Musa. Punika pathinipun ruku' ingkang sapisan. Ruku' ingkang kaping kalih lan kaping tiga ngandharaken lalampahanipun Kanjeng Nabi Sulaiman, ing ngriku kaluhuranipun Kanjeng Nabi ing wekdal ingkang badhé dhateng kapratélakaken. Menggah ing sajatosipun lalampahanipun Kanjeng Nabi Sulaiman punika péranganipun babad Musawiyah (babad lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa lan bangsa Bani Israil), jalaran mumbul-mumbulipun kaluhuraning Karaton Bani Israil, punika ing nalika jamanipun Kanjeng Nabi Sulaiman, sarta kados déné ingkang sampun kasumerepan ing ngakathah, ngantos sasédanipun Kanjeng Nabi Musa karaton Israil dèrèng wonten. Nanging tumrap Kanjeng Nabi Muhammad saw. sampun pinasthi kasinungan kaluhuraning kenabian akaliyan karaton, kaluhuranipun Kanjeng Nabi Sulaiman lan andhap asoring kenabian Kanjeng Nabi Musa. Nalika sugengipun, panjenenganipun sampun dipun akeni dados ratuning tanah Arab, éwadéné nadyan panjenenganipun punika kasinungan kaluhuraning ratu, panjenenganipun tetep sugeng kalayan pasaja sanget, sugeng pasaja ingkang dèrèng naté katindakaken déning Kanjeng Nabi Musa, sanajan ta sugengipun Kanjeng Nabi Musa punika dados pangageng ingkang nglembara wonten ing ara-ara samun. Ruku' sanès-sanèsipun ing surat punika nyebutaken paratélan cekakan; ruku' angka sakawan lalampahanipun Kanjeng Nabi Salih lan Kanjeng Nabi Luth, mengsah-mengsahipun sami dipun lebur; déné ruku' ingkang kaping gangsal kénging kaanggep sambetipun ingkang trep ruku' ingkang kaping sekawan, inggih punika bilih para angèstu badhé sinengkakaken ing ngaluhur. Ruku' ingkang kaping enem nerangaken bilih kamenanganipun Kanjeng Nabi punika boten badhé awujud leburipun babar pisan

RUKU' 1

Kanjeng Nabi tampi timbalan, kados déné Kanjeng Nabi Musa

1-3. Quran Suci punika tuntunan. 4-6. Pèpènget tumrap para atindak dédé. 7-12. Kanjeng Nabi Musa tampi timbalan. 13, 14. Temahanipun angemohi.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Allah Ingkang-wilasa-Né ang-
a. 1802 limputi, Ingkang-Miyarsa![a] Iki ayat-ayating Quran lan Kitab kang
b. 1803 agawé terang;[b]

طٰسٓ تِلْكَ اٰيٰتُ الْقُرْاٰنِ وَكِتَابٍ مُّبِيْنٍ ۙ ۝١

2 Tuntunan lan warta bubungah
Ut. *mukmin* tumrap para *kang angèstu.*

هُدًى وَّبُشْرٰى لِلْمُؤْمِنِيْنَ ۙ ۝٢

3 Kang padha anjumenengaké salat lan ambayar zakat sarta marang akhirat dhèwèké padha yakin.

الَّذِيْنَ يُقِيْمُوْنَ الصَّلٰوةَ وَيُؤْتُوْنَ الزَّكٰوةَ وَهُمْ بِالْاٰخِرَةِ هُمْ يُوْقِنُوْنَ ۝٣

4 Wondéné para kang padha ora angèstu ing akhirat, sayekti tumrap dhèwèké Ingsun wus amamaèsi panggawé-panggawéné, ananging dhèwèké padha bingung mak-makan.[1840]

اِنَّ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ زَيَّنَّا لَهُمْ اَعْمَالَهُمْ فَهُمْ يَعْمَهُوْنَ ۗ ۝٤

---

mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, kados déné para nabi wau, nanging awujud gesangipun malih ruhaniyahipun para titiyang, ingkang sajakipun sampun budheg, tur mawi sanget, bisu lan pejah. Ngemungaken mengsah ingkang ageng-ageng ingkang badhé sumingkir; punika katerangaken wonten ing ruku' ingkang wingking piyambak.

1840. "*Panggawé-panggawéné*" punika karsanipun: pandamel ingkang mesthinipun kedah katindakaken, dados sanès tindak adamel wisuna ingkang katindakaken para titiyang wau. Jalaran bab prakawis tindakipun adamel wisuna para titiyang wau, sampun kasebutaken kalayan terang wonten ing panggènan sanès makaten: "Sarta sétan amamaèsi tumrap dhèwèké apa kang wus padha dilakoni,, (6:43). Lah ing ngriku kasebutaken: *apa kang wus padha dilakoni,* boten *panggawé-panggawéné*. Dados sampun terang, bilih ingkang mamaesi tindak adamel wisuna tumrap para ingkang atindak awon, punika sétan; déné ingkang dipun remeni ing Allah, punika pandamel saé. Kanggé ngiyataken bab prakawis punika, prayogi kapethik ing ngriki dhawuh ing 49: 7 ingkang mungel makaten: "Ananging Allah andhemenake sira marang iman sarta amamaèsi atinira, apa déné anggethingaké sira marang kakafiran lan pamurang-yekti tuwin pambaléla."

أُولَٰٓئِكَ الَّذِينَ لَهُمْ سُوٓءُ الْعَذَابِ وَهُمْ فِي الْأٓخِرَةِ هُمُ الْأَخْسَرُونَ ⑤

5 Yaiku para kang bakal olèh siksa kang ala sarta ana ing akhirat bakal dadi wong kang banget kapitunan.[1841]

وَإِنَّكَ لَتُلَقَّى الْقُرْءَانَ مِن لَّدُنْ حَكِيمٍ عَلِيمٍ ⑥

6 Lan sayekti temen sira iku wus kaparingan Quran saka ngarsané Ingkang-Wicaksana, Ingkang-Udani.

إِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِأَهْلِهِٓ إِنِّيٓ ءَانَسْتُ نَارًا سَـَٔاتِيكُم مِّنْهَا بِخَبَرٍ أَوْ ءَاتِيكُم بِشِهَابٍ قَبَسٍ لَّعَلَّكُمْ تَصْطَلُونَ ⑦

7 Nalikané Musa acalathu marang kulawargané: Sayekti aku weruh geni; mengko dak-teka mréné anggawa warta prakara iku, utawa dak-mréné anggawa obor murub, supaya kowé padha bisa api-api.

فَلَمَّا جَآءَهَا نُودِيَ أَنۢ بُورِكَ مَن فِي النَّارِ وَمَنْ حَوْلَهَا وَسُبْحَٰنَ اللَّهِ رَبِّ الْعَٰلَمِينَ ⑧

Ut. *apa* ...... *apa ing dalan* Ut. *apa*

8 Bareng dhèwèké wus teka ing kono, ana swara winahya, ujaré: Binarkahan *sapa* kang *anggolèki* geni iku lan *sapa* kang ana ing sakukubané; lan Mahasuci Allah, Pangéraning ngalam kabèh:[1842]

يَٰمُوسَىٰٓ إِنَّهُۥٓ أَنَا اللَّهُ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ⑨

9 O, Musa! sayektiné, Aku iki Allah, Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Wicaksana:

1841. Péranganipun ingkang wekasan ayat punika nedahaken, bilih siksa ingkang awon ingkang kapangandikakaken ing ngriki, punika siksa ingkang mesthi andhawahi piyambakipun wonten ing gesang sapunika punika amargi kapitunan ingkang langkung ageng malih taksih sumimpen tumrap piyambakipun wonten ing akhirat.

1842 Tembung من في النار punika dipun suraos warni-warni. Ingkang prayogi piyambak ingkang nyuraos tembung *fi* (wantahipun ateges ing *dalem*) *anggolèki* utawi *ngupaya.* Sawenèh anggènipun nyuraos AH dhateng ukara punika makaten: *wong kang ana ing panggonan utawi kang ngener prenahing geni manut panyawangé*. Rz nerangaken Kanjeng Nabi Musa kénging winastan *fin-nâr*, margi saking anggènipun celak kaliyan latu, awit Rz wau nerangaken bilih tiyang ingkang celak sanget kaliyan satunggaling barang, punika winastan dumunung ing ngriku. Kitab Tâju-t-Tafsir anggènipun nembungaken panyuraos ingkang kados makaten wau kalayan tetembungan ingkang terang gamblang makaten: من في طلبها وقصدها jawinipun: *wong kang ngupaya iku lan nedya marang iku*. Panyuraos sanèsipun malih, inggih punika *man* ing ngriki boten ateges sapa (wong) nanging apa, déné ingkang dipun maksud: panggènan dunungipun latu manut pamirsanipun Kanjeng Nabi Musa (AH, Rz, Bd). Déné من حولها *apa kang ana ing sakukubané*, punika lajeng ateges *tanah ingkang binarkahan ingkang kasebut ing piweca*, awit kathah para nabi ingkang kajumenengaken wonten ing ngriku (Bd).

10 Lan tibakna tekenira. Lah bareng dhèwèké weruh iku obah kaya déné ula,[a] (banjur) mungkur angoncati lan ora bali. O, Musa! aja wedi: sayekti, ana ngarsa-Ku, para utusan iku ora bakal wedi:

a. 926, 1581

وَأَلْقِ عَصَاكَ ۚ فَلَمَّا رَآهَا تَهْتَزُّ كَأَنَّهَا
جَانٌّ وَلَّىٰ مُدْبِرًا وَلَمْ يُعَقِّبْ ۚ يَا مُوسَىٰ
لَا تَخَفْ إِنِّي لَا يَخَافُ لَدَيَّ الْمُرْسَلُونَ ﴿١٠﴾

11 Lan (iya) ora (bakal wedi)[1843] sapa kang wus atindak dudu banjur salin alaku becik sawisé ala, amarga sayekti Aku iki Aparamarta, Mahaasih:

إِلَّا مَنْ ظَلَمَ ثُمَّ بَدَّلَ حُسْنًا بَعْدَ
سُوءٍ فَإِنِّي غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿١١﴾

12 Lan tanganira lebokna ing bubukaning dhadhanira, iku metuné bakal putih tanpa *cacad*:[b] kalebu pratandha sasanga marang Fir'aun sabangsané; sayekti dhèwèké iku bangsa kang duraka.

Ar. *ala*
b. 926, 1582

وَأَدْخِلْ يَدَكَ فِي جَيْبِكَ تَخْرُجْ
بَيْضَاءَ مِنْ غَيْرِ سُوءٍ ۖ فِي تِسْعِ آيَاتٍ
إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَقَوْمِهِ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا
قَوْمًا فَاسِقِينَ ﴿١٢﴾

13 Bareng pratandha-pratandha-Ningsun kang cetha wus anekani dhèwèké, padha calathu: Iki kemayan kang tétéla.

فَلَمَّا جَاءَتْهُمْ آيَاتُنَا مُبْصِرَةً قَالُوا
هَٰذَا سِحْرٌ مُبِينٌ ﴿١٣﴾

14 Lan dhèwèké padha angemohi iku kalawan tindak dudu sarta kumalungkung, kang mangka, jiwané padha yakin; lah limbangen, kapriyé temahané para wong kang padha agawé wisuna.

وَجَحَدُوا بِهَا وَاسْتَيْقَنَتْهَا أَنْفُسُهُمْ
ظُلْمًا وَعُلُوًّا ۚ فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ
عَاقِبَةُ الْمُفْسِدِينَ ﴿١٤﴾

RUKU' 2

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Sulaiman

15-19. Wiyaripun karajanipun kanjeng Nabi Sulaiman. 20-31. Raja putri Saba'.

1843. Miturut Mugni, tembung *illâ* ing ngriki sami kaliyan wa (jawinipun lan). Minangka wawaton Mugni nyebutaken katranganipun Akhfasy, Farra, tuwin Abu 'Ubaidah, ingkang nerangaken bilih *illa* wau namung lugu tembung panggandhèng. Nanging rèhning tembung *lâ* ing ukara ingkang sampun, ingkang dipun sambeti ing ukara ingkang wau, kedahipun kasuraos dhumawah sasampunipun *wa*, mila tegesipun ingkang leres tembung *illâ* ing ngriki punika: *lan ora* utawi *lan iya* ora. Ngulami sanès nyuraos ing ngriki kanggé murwani pratélan enggal (Bd.) Utawi *illa* punika sami kaliyan *lâkin*, jawinipun nanging (R), déné suraosing dhawuh: Nanging sapa kang atindak dudu, banjur salin alaku becik sawisé ala, lah sayekti Ingsun iki Aparamarta, Mahaasih.

وَلَقَدْ آتَيْنَا دَاوُودَ وَسُلَيْمَانَ عِلْمًا ۖ وَقَالَا الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي فَضَّلَنَا عَلَىٰ كَثِيرٍ مِّنْ عِبَادِهِ الْمُؤْمِنِينَ ﴿١٥﴾

15 Lan sayekti temen Ingsun wus aparing kawruh marang Dawud lan Sulaiman, sarta sakaroné padha munjuk: Sadaya pangalembana punika kagunganipun Allah, Ingkang sampun anglangkungaken kawula angungkuli para mukmin kathah, kawula-Nipun.

وَوَرِثَ سُلَيْمَانُ دَاوُودَ ۖ وَقَالَ يَا أَيُّهَا النَّاسُ عُلِّمْنَا مَنطِقَ الطَّيْرِ وَأُوتِينَا مِن كُلِّ شَيْءٍ ۖ إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ الْفَضْلُ الْمُبِينُ ﴿١٦﴾

16 Lan Sulaiman iku warisé Dawud, lan calathu: É, para manusa, aku wineruhaké (surasané) unining manuk[1844] sarta aku pinaringan *mubra-mubru*;[1845] sayekti iki temen lubèring paparing kang tétéla.

Ar. *samubarang*

وَحُشِرَ لِسُلَيْمَانَ جُنُودُهُ مِنَ الْجِنِّ وَالْإِنسِ وَالطَّيْرِ فَهُمْ يُوزَعُونَ ﴿١٧﴾

17 Lan wadyabalané, arupa jin lan manusa sarta *manuk* padha diimpun marang (ngarepé) Sulaiman, banjur padha tinata sajuru-juru.[1846]

Ut. *jaran*

1844. Tembung *manthiq* punika asal saking tembung *nuthq*, tegesipun ingkang asli *wicara ingkang wijang-wijang* utawi *suwanten ingkang mungel sareng, ingkang kaucapaken déning lisan sarta katampi ing talingan* (Rgh). Manawi tembung wau dipun anggé kanggé nembungaken tumrap sanèsipun manusa, lajeng kaanggep dados tembung ngibarat, sarta kéngang-kénging kémawon migunakaken tembung wau, waton tiyang mangertos tegesipun, nadyan saged ugi punika sanès wicara ingkang wijang-wijang (Rgh). Kanjeng Nabi Sulaiman mangertos suraosing suwantenipun peksi, punika saged ugi namung mengku teges anggèning panjenenganipun sok migunakaken peksi kanggé andhatengaken dhawuh utawi pawartos dhateng pundi pundi, dados dhawuh-dhawuh utawi pawartos-pawartos punika kénging dipun ngibarataken ginemipun peksi. Utawi inggih saged ugi ateges sarananing sasambetan sanès-sanèsipun. Kula aturi mirsani ugi 1846, ing ngriku tegesipun tembung *thair* ingkang kasebut ing ayat 17, katerangaken. Salajengipun, dhawuh ingkang nungka ing sawingkingipun, ingkang andhawuhaken bilih Kanjeng Nabi Sulaiman kaparingan *mubra-mubru*, punika anedahaken kalayan terang, bilih dipun tegesana punapa kémawon, ingkang dipun karsakaken wonten ing ngriki punika tetep namung saprakawis, inggih punika kasugihaning karatonipun Kanjeng Nabi Sulaiman ingkang atanpa wilangan kathahipun, ingkang kanggé nglurug nelukaken mengsahmengsahipun dhateng pundi-pundi.

1845. من كل شيء ing ngriki dipun terangaken para mufassirin ateges كثرة ما اوتي jawinipun: *samukawis ingkang sampun kaparingaken dhateng panjenenganipun kalayan kathah sanget*; déné tembung *kull* (*sakabèhé*) kanggé gentosipun tembung katsrah (*akèh banget* utawi *mubra-mubru*), punika kaanggep ngibarat (Rz). JB anggènipun nerangaken inggih kados makaten wau, makaten katranganipun: Ukara فلان يعلم كل شيء ingkang tegesipun wantah: *si Suta weruh marang samubarang,* punika ateges bilih piyambakipun punika jembar utawi kathah seserepanipun. Utawi saged ugi tegesipun punika: *samukawis ingkang gagayutan kaliyan praja*.

1846. Ing ngriki kapratélakaken bilih wadyabalanipun Kanjeng Nabi Sulaiman punika kapérang dados tigang golongan, jinn, manusa, tuwin *thair*. Bab prakawis jinn, sampun katerangaken ing 1647, bilih wadyabala jinn punika golonganipun titiyang paredèn ingkang sampun katelukaken Kanjeng Nabi Sulaiman. Ingkang dados rembag ing samangké, punapa tegesipun *thair* punika. Wadyabala tigang

18 Nganthi, nalikané wis padha tumeka ing jujurang Naml[1847] ana sawijining Naml wadon acalathu: É, Naml, padha lumebua ing omahmu, (supaya) kowé aja padha remuk déning Sulaiman sawadyabalané, kanthi dhèwèké padha ora weruh.

حَتّٰىٓ إِذَآ أَتَوْا عَلٰى وَادِ النَّمْلِ قَالَتْ نَمْلَةٌ يّٰٓأَيُّهَا النَّمْلُ ادْخُلُوا مَسٰكِنَكُمْ لَا يَحْطِمَنَّكُمْ سُلَيْمٰنُ وَجُنُودُهُۥ وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ﴿١٨﴾

19 Mulané dhèwèké mèsem, gumun[1848] marang pangucapé sarta

فَتَبَسَّمَ ضَاحِكًا مِّنْ قَوْلِهَا وَقَالَ

golongan sami kaimpun dados satunggal sarta katata sajuru-juru, punika nedahaken bilih tiga-tiganipun wau sadaya sami manusa. Tembung *thair*, utawi *thâir*, punika karimbag saking tambung *thâra*, ingkang tegesipun mabur; sarta tembung punika boten namung kanggé tumrap peksi kémawon, nanging, ugi kanggé nenbungaken barang sanès-sanèsipun ingkang mawa suwiwi" (LL). *Thair* tegesipun *barang ingkang saged mabur*; sarta ing sarèhning tembungipun pokok kénging dipun anggé tumrap barang ingkang boten gadhah suwiwi, mila *thair* (ingkang *jama'ipun*: *thair* kados déné ingkang kagem wonten ing ngriki) punika ugi kénging dipun anggé tumrap *kèwan-kèwan ingkang rikat plajengipun kadosta kapal*. Milanipun tembung *thayyâr*, rimbag *amtsilah mabalagah*-ipun *thair*, punika manawi bawa piyambak lajeng ateges *kapal ingkang keras, trengginas*, *cukat ngantos mèh* kados mabur margi saking santering plajengipun (TA-LL). Sarta ugi ateges *tiyang sabregada* (Q-LL). Tembung *thayyârr* ingkang ugi rimbaganipun *amtsilah mubalagah* kriya-wacaka *thâir*, tegesipun tiyang ingkang *cukat saha trengginas,* kados déné ingkang kasebut ing paribasan هو طيور فيور jawinipun *dhèwèké iku cukat lan trengginas, anggoné bali* (Q-LL). Dados manawi suraosing dhawuh punika dipun werdèni kalayan katrangan ingkang kados makaten wau, ngleresaken dhateng pupuntoning pamanggih, bilih *thair* ing ngriki ateges kapal, inggih punika *prajurit kakapalan*, awit prajurit kakapalan makaten gampil dipun pindhah-pindhah kalayan rikat. Ingkang makaten punika ugi dipun kiyataken dhawuh pratélan ing 38: 31-33, ingkang anerangaken bilih Kanjeng Nabi Sulaiman punika remen sanget dhateng kapal. Tumrap para ingkang remen nyuraos kalayan walaka, prayogi dipun wewahi katrangan, bilih migunakaken peksi kanggé ambekta pawartos, langkung-langkung ing wekdal perang, punika inggih nama adamel peksi-peksi wau dados babantu ingkang perlu tumrap prajurit ingkang andon perang. Déné katranganipun peksi-peksi ingkang sami tut-wingking wadyabala ingkang menang, katerangaken wonten ing 1387.

1847. Kathah dodongèngan bab Kanjeng Nabi Sulaiman ingkang tuwuh awit saking kalèntu anggènipun nyuraos tembung *naml*, utawi *namlatun*. Kedah dipun pèngeti bilih واد النمل punika boten leres manawi dipun tegesi juranging awon, awit tembung wau tembung aran kanggé namakaken barang, sarta miturut TA (mirsanana ing panggènan tembung pokok *wady*) وادالنمل بين جبرين وعسقلان jawinipun: jurang *Naml* punika kaprenah wonten ing saantawisipun *Jibrîn* tuwin '*Asqalân*. Déné *Namlah* punika namanipun satunggaling pancer, kados déné *Mâzin* makaten, ingkang wantahipun ateges *tigan sémut* (kasebut ing kateranganipun Hamasa Imam Tabrizi nalika nerangaken kidung لوكنت من مازن inggih punika samungguh *aku iku éwoné wong Mâzin*); sarta *namil* punika ateges رجل حاذق inggih punika *tiyang wegig* (TA). Asring ugi *Namlah* punika dipun anggé namakaken laré, ingkang nalika lairipun tanganipun dipun sukani semut, jalaran cariyosipun laré makaten wau calon dados pinter lan lantip (TA). Ing Qamus kasebutaken kalayan terang bilih *Namlah* punika pancer, makaten kateranganipun nalika nerangaken tembung *barq* والابرقة من مياه نملة jawinipun: *Abriqah punika kagolong toyanipun Namlah.*

1848. *Dlâhik* tegesipun gumun, jalaran miturut Rgh tembung *dlhik* punika kénging kanggé

acalathu: Pangéran kawula! mugi Tuwan paringi kawula saged syukur ing nugraha Tuwan, ingkang Tuwan nugrahakaken dhateng kawula saha dhateng tiyang sepuh kawula, punapa déné anyagedaken kawula anglampahi pandamel saé, ingkang dados pirena Tuwan, saha mugi Tuwan anglebetaken kawula ing antawisipun para kawula Tuwan, para tulus, kalayan wilasa Tuwan.

رَبِّ أَوْزِعْنِيٓ أَنْ أَشْكُرَ نِعْمَتَكَ الَّتِيٓ أَنْعَمْتَ عَلَيَّ وَعَلَىٰ وَالِدَيَّ وَأَنْ أَعْمَلَ صَالِحًا تَرْضَاهُ وَأَدْخِلْنِي بِرَحْمَتِكَ فِي عِبَادِكَ الصَّالِحِينَ ١٩

20 Lan dhèwèké angiling-ilingi
Ut. *jaran* *manuk* banjur acalathu: Yagéné aku ora tumon si Hudhud, apa ta kalebu panunggalané sing padha ora ana?[1849]

وَتَفَقَّدَ الطَّيْرَ فَقَالَ مَا لِيَ لَآ أَرَى الْهُدْهُدَ أَمْ كَانَ مِنَ الْغَآئِبِينَ ٢٠

21 Dhèwèké masthi bakal dakpatrapi kalawan patrapan kang
Ut. *belèh* abot, utawa dak *patèni*, utawa dhèwèké kudu ngaturaké marang aku bukti cetha (kang nélakaké olèhé ora luput).

لَأُعَذِّبَنَّهُ عَذَابًا شَدِيدًا أَوْ لَأَاذْبَحَنَّهُ أَوْ لَيَأْتِيَنِّي بِسُلْطَانٍ مُّبِينٍ ٢١

22 Lah olèhé meneng ora suwé, tumuli dhèwèké matur: Kula sumerep ing barang ingkang panjene-

فَمَكَثَ غَيْرَ بَعِيدٍ فَقَالَ أَحَطتُّ بِمَا

---

nembungaken *bingah* lan kénging kanggé nembungaken *gumun*. Kula aturi mirsani ugi LL, ing ngriku katerangaken bilih *dlahaka*, punika manawi kanggé nyariyosaken lekasipun satunggaling tiyang, ugi ateges *gumun*, dados sami kaliyan *tembung'adjiba* (TA).

1849. *Hud-hud* punika sampun dipun suraos bangsanipun peksi platuk bawang, nanging dipun suraosa punika *namanipun satunggaling tiyang*. Nadyan tembung *thair* dipun tegesana peksi pisan, boten mratandhakaken manawi *Hud-hud* ing ngriki mesthi peksi, awit saged ugi ingkang dipun karsakaken punika *Hud-hud* namanipun tiyang, dados namung nunggil nami kémawon. Ing saben basa kathah kémawon namanipun tiyang ingkang sami kaliyan namanipun kèwan-kèwan. Para juru-ngarang Arab mastani satunggaling ratu ing Himyar: *Hudad* (LA), inggih punika nama ingkang mèh sami kémawon kaliyan nama *Hud-hud* ingkang kasebut ing dalem Quran. Punika nedahaken bilih boten nama anèh manawi nama bangsanipun ingkang kados makaten wau kanggé namakaken tiyang. *Ayat-ayat* candhakipun nedahaken kalayan terang, bilih ingkang kapangan-dikakaken Kanjeng Nabi Sulaiman punika salah satunggaling sénapatinipun. Saèstu boten mèmper manawi satunggaling ratu binathara anyakrawati ambaudhendha, kados déné Kanjeng Nabi Sulaiman makaten, kasdu andhawahaken pidana ageng dhateng satunggaling peksi, tur peksi ingkang alit; makaten ugi inggih nama boten mèmper, manawi piwulang Tauhid, inggih punika piwulanging agami ingkang sakalangkung déning wigatos, namung kagelarakan satunggaling peksi platuk-bawang.

ngan dèrèng uninga saha kula ambekta pawartos nyata saking Saba katur panjenengan.[1850]

لَمْ تُحِطْ بِهٖ وَجِئْتُكَ مِنْ سَبَاٍۭ بِنَبَاٍ يَّقِيْنٍ ﴿۲۲﴾

Ar. *piyambakipun*
Ar. *samubarang*
a. 1845
Ut. *karaton*

23 Saèstu kawula amrangguli satunggaling wanita ingkang maréntah *ing ngrika* sarta kasinungan *mubra-mubru*[a] punapa darbé *singangsana* ageng:

اِنِّيْ وَجَدْتُّ امْرَاَةً تَمْلِكُهُمْ وَاُوْتِيَتْ مِنْ كُلِّ شَيْءٍ وَّلَهَا عَرْشٌ عَظِيْمٌ ﴿۲۳﴾

Ar. *kapanggih*

24 Kula *sumerep* piyambakipun sabangsanipun sami manembah dhateng surya, sanès Allah, sarta sétan amaès-maèsi pandamel-pandamelipun tumrap piyambakipun, dados angénggokaken piyambakipun saking margi, wusananipun sami boten katuntun ing margi leres:

وَجَدْتُّهَا وَقَوْمَهَا يَسْجُدُوْنَ لِلشَّمْسِ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ وَزَيَّنَ لَهُمُ الشَّيْطٰنُ اَعْمَالَهُمْ فَصَدَّهُمْ عَنِ السَّبِيْلِ فَهُمْ لَا يَهْتَدُوْنَ ﴿۲۴﴾

Ut. *panjenengan*
Ut. *panjenengan*

25 Temahan boten sami manembah ing Allah, Ingkang angedalaken sesimpenan ing salebeting langit-langit lan bumi punapa déné anguningani punapa ingkang *dipun* singidaken tuwin punapa ingkang *dipun* eblak:

اَلَّا يَسْجُدُوْا لِلّٰهِ الَّذِيْ يُخْرِجُ الْخَبْءَ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَيَعْلَمُ مَا تُخْفُوْنَ وَمَا تُعْلِنُوْنَ ﴿۲۵﴾

Ut. *singgasana*

26 Allah, boten wonten sesembahan kajawi Panjenenganipun: Panjenenganipun punika Pangéraning *karaton* ingkang agung.

اَللّٰهُ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ رَبُّ الْعَرْشِ الْعَظِيْمِ ﴿۲۶﴾ السجدة

27 Calathuné: Arep Ingsun deleng dhisik apa calathumu temen, apa kowé iku panunggalané wongwong goroh:

قَالَ سَنَنْظُرُ اَصَدَقْتَ اَمْ كُنْتَ مِنَ الْكٰذِبِيْنَ ﴿۲۷﴾

1850. Saba' punika saminipun Syeba ing Bébel. Cariyos kados ingkang kaandharaken ing ngriki, punika ing Bébel boten wonten, nadyan inggih kasumerepan para pandhita Yahudi. Ingkang makaten punika boten kok dados pratandha bilih cariyos wau boten nyata. Bébel namung nyariyosaken pisowanipun nata èstri ing Syeba dhateng Kanjeng Nabi Sulaiman, kalayan ambekta pisungsung kathah sanget perlu kanggé nètèr panjenenganipun. Kula aturi mirsani I Para Raja 10 tuwin II Babad 9. Ing wingking lajeng nerangaken tiyang èstri bangsa ngamonca kathah sanget ingkang dados garwanipun Kanjeng Nabi Sulaiman (I Para Raja 11).

اِذْهَبْ بِّكِتٰبِيْ هٰذَا فَاَلْقِهْ اِلَيْهِمْ ثُمَّ تَوَلَّ عَنْهُمْ فَانْظُرْ مَاذَا يَرْجِعُوْنَ ﴿٢٨﴾

28 Ampilen layangku iki, banjur tampakna marang dhèwèké, tumuli balia saka *kono*, jajal delengen, kapriyé bakal wangsulané.

Ar. *dhèwèké*

قَالَتْ يٰۤاَيُّهَا الْمَلَؤُا اِنِّيْۤ اُلْقِيَ اِلَيَّ كِتٰبٌ كَرِيْمٌ ﴿٢٩﴾

29 Dhèwèké acalathu: É, para panggedhé! sayekti ana layang minulya ditampakaké marang aku.

اِنَّهٗ مِنْ سُلَيْمٰنَ وَاِنَّهٗ بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ﴿٣٠﴾

30 Sayekti iku saka Sulaiman, lan sayekti iku kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih:

اَلَّا تَعْلُوْا عَلَيَّ وَاْتُوْنِيْ مُسْلِمِيْنَ ﴿٣١﴾

31 Aja kowé padha lumuhur angungkuli aku, sarta sébaa marang aku *kalawan sumarah.*

Ut. *padha dadi Muslim*

RUKU' 3

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Sulaiman

32-44. Sumarahipun sang prabu putri dhateng Kanjeng Nabi Sulaiman.

قَالَتْ يٰۤاَيُّهَا الْمَلَؤُا اَفْتُوْنِيْ فِيْۤ اَمْرِيْ مَا كُنْتُ قَاطِعَةً اَمْرًا حَتّٰى تَشْهَدُوْنِ ﴿٣٢﴾

32 Calathuné: É, para panggedhé! ngaturna pirembug marang aku tumrap prakaraku; ora tau aku mutus sawijining prakara, *yèn kowé ora* angèstrèni ana angarepku.

Ar. *nganti kowé*

قَالُوْا نَحْنُ اُولُوْا قُوَّةٍ وَّاُولُوْا بَاْسٍ شَدِيْدٍ وَّالْاَمْرُ اِلَيْكِ فَانْظُرِيْ مَاذَا تَاْمُرِيْنَ ﴿٣٣﴾

33 Padha matur: *Ing ngriki* gadhah kakiyatan sarta gadhah kekendelan linangkung, *déné* paréntah wonten ing asta panjenengan, milanipun sumangga, punapa dhawuh panjenengan.

Ar. *kula sami*

Ar. *lan*

قَالَتْ اِنَّ الْمُلُوْكَ اِذَا دَخَلُوْا قَرْيَةً اَفْسَدُوْهَا وَجَعَلُوْۤا اَعِزَّةَ اَهْلِهَاۤ اَذِلَّةً وَكَذٰلِكَ يَفْعَلُوْنَ ﴿٣٤﴾

34 Calathuné: Sayekti para ratu iku – samangsa angleboni kutha – iku dirusak, sarta wong-wongé kang minulya padha didadèkaké asor, lan dhèwèké iya (tansah) bakal nindakaké kaya mangkono:

وَاِنِّيْ مُرْسِلَةٌ اِلَيْهِمْ بِهَدِيَّةٍ فَنٰظِرَةٌ بِمَ يَرْجِعُ الْمُرْسَلُوْنَ ﴿٣٥﴾

35 Sayekti aku arep utusan atur pisungsung marang dhèwèké, jajal dakentènané, balining utusan iku anggawa (wangsulan) apa.

فَلَمَّا جَآءَ سُلَيْمٰنَ قَالَ اَتُمِدُّوْنَنِ
بِمَالٍ ۫ فَمَآ اٰتٰىنِۦَ اللّٰهُ خَيْرٌ مِّمَّآ اٰتٰىكُمْ ۚ
بَلْ اَنْتُمْ بِهَدِيَّتِكُمْ تَفْرَحُوْنَ ۝٣٦

36 Bareng wis tumeka (ngarepé) Sulaiman, (Sulaiman) calathu: Apa kowé arep ambantu aku kalawan bandha? Mangka paparingé Allah marang aku luwih becik tinimbang paparingé Panjenengané marang kowé. O, balik kowé padha bungah marang pisungsungmu:

اِرْجِعْ اِلَيْهِمْ فَلَنَاْتِيَنَّهُمْ بِجُنُوْدٍ لَّا
قِبَلَ لَهُمْ بِهَا وَلَنُخْرِجَنَّهُمْ مِّنْهَآ
اَذِلَّةً وَّهُمْ صٰغِرُوْنَ ۝٣٧

Ar. *marang dhèwèké*

Ar. *dhèwèké*

37 Bali *mrono*, lah sayekti temen aku bakal padha anekani dhèwèké kalawan wadyabala, kang *ing kono* ora bakal kawawa nanggulangi, lan temen dhèwèké bakal padha daktundhung saka ing kono kalawan asor apa déné dhèwèké bakal padha tumiba ing kanisthan.

قَالَ يٰٓاَيُّهَا الْمَلَؤُا اَيُّكُمْ يَاْتِيْنِيْ
بِعَرْشِهَا قَبْلَ اَنْ يَّاْتُوْنِيْ مُسْلِمِيْنَ ۝٣٨

Ar. *marang aku*

38 Calathuné: É, para panggedhé! sapa sing bisa anggawa *mréné* singangsanané, ing sadurungé dhèwèké teka mréné kalawan sumarah?[1851]

قَالَ عِفْرِيْتٌ مِّنَ الْجِنِّ اَنَا اٰتِيْكَ
بِهٖ قَبْلَ اَنْ تَقُوْمَ مِنْ مَّقَامِكَ ۚ
وَاِنِّيْ عَلَيْهِ لَقَوِيٌّ اَمِيْنٌ ۝٣٩

Ar. *dhateng panjenengan*

39 Sawenèhing jin kaliwat kendel matur: Punika kula ingkang badhé ambekta *mriki* ing sadéréngipun panjenengan jumeneng saking papan panjenengan; sarta saèstu, kula punika ingatasipun prakawis punika yektos kiyat, amitadosi.[1852]

1851. Kados adat sabenipun, cariyos ing ngriki boten mawi ngandharaken wangsulipun para utusan dhateng sang raja putri, sarta anggénipun sang raja putri karsa sumarah dhateng Kanjeng Nabi Sulaiman, nalika panjenenganipun tampi pangancam kados ingkang kasebutaken ing ayat ingkang wekasan wau, inggih boten kaandharaken, nanging nglajengaken cariyos nalika Kanjeng Nabi Sulaiman sudiya-sudiya nampèni pisowanipun sang raja putri. *Arsya-hâ* ingkang tegesipun *singasanané*, punika *singangsana* kagem *penjeneganipun ingkang kasudhiyakaken* déning Kanjeng Nabi Sulaiman, dados sanès kok singangsananipun sang prabu putri piyambak ingkang wonten ing nagari Saba'.

1852. *Jumeneng saking papan panjenengan*, punika boten teka ateges jumenengipun Kanjeng Nabi Sulaiman saking anggènipun lenggah, nanging anggènipun bidhal Kanjeng Nabi Sulaiman saking panggènan ingkang dipun tedhaki nalika wekdal wau. Anggènipun kasebutaken mawi milih tiyang ingkang kénging pinitados, punika kanggé anedahaken bilih pakaryan wau perlu katindakaken tukang ingkang temen. Jinn ingkang linangkung ing kakendelanipun punika sajakipun salah satunggaling tiyang bangsa Amalek, inggih punika bangsa ingkang titiyangipun ageng-ageng pawakanipun.

Ar. *dhateng panjenengan*
Ar. *sadèrèngipun nétra paduka wangsul ing paduka*

40 (Ana wong) kang darbé ngèlmuning kitab, matur: Kula (ingkang) badhé andhatangaken punika *mriki ing sakedhèp nétra*.[1853] Bareng Panjenengané andeleng iku wis ana ing ngarepé,[1854] calathu: Iki saka lubèring paparingé Pangéranku, purihé Panjenengané arep nyoba aku, apa aku sukur apa aku angafiri; lan sapa sing anyukuri, lah ora liya kajaba nyukuri marang jiwané dhéwé lan sapa sing ngafiri lah sayekti Pangéranku iku Sugih, Minulya.

قَالَ الَّذِي عِنْدَهُ عِلْمٌ مِنَ الْكِتٰبِ أَنَا
آتِيكَ بِهِ قَبْلَ أَنْ يَرْتَدَّ إِلَيْكَ طَرْفُكَ ۚ
فَلَمَّا رَآهُ مُسْتَقِرًّا عِنْدَهُ قَالَ هٰذَا
مِنْ فَضْلِ رَبِّي ۗ لِيَبْلُوَنِي ءَأَشْكُرُ
أَمْ أَكْفُرُ ۖ وَمَنْ شَكَرَ فَإِنَّمَا يَشْكُرُ
لِنَفْسِهِ ۖ وَمَنْ كَفَرَ فَإِنَّ رَبِّي غَنِيٌّ كَرِيمٌ ﴿٤٠﴾

41 Calathuné: dhèwèké singangsanané owahana; coba padha dideleng, apa dhèwèké nurut dalan bener apa kalebu panunggalané para kang ora ngambah dalan bener.

قَالَ نَكِّرُوا لَهَا عَرْشَهَا نَنْظُرْ أَتَهْتَدِي
أَمْ تَكُونُ مِنَ الَّذِينَ لَا يَهْتَدُونَ ﴿٤١﴾

42 Bareng dhèwèké wis teka, dipangandikani: Punapa singangsana sampéyan kados punika? Aturé: Kados-kados inggih punika, lan ing sadèrèngipun punika kula sampun kaparingan seserepan saha kula sampun sami sumarah.

فَلَمَّا جَاءَتْ قِيلَ أَهٰكَذَا عَرْشُكِ ۖ
قَالَتْ كَأَنَّهُ هُوَ ۚ وَأُوتِينَا الْعِلْمَ
مِنْ قَبْلِهَا وَكُنَّا مُسْلِمِينَ ﴿٤٢﴾

43 Lan apa kang sinembah saliyané Allah, iku angalang-alangi dhèwèké, sayekti dhèwèké iku dhèk samono éwoné bangsa kang kafir.

وَصَدَّهَا مَا كَانَتْ تَعْبُدُ مِنْ دُونِ اللّٰهِ ۖ
إِنَّهَا كَانَتْ مِنْ قَوْمٍ كٰفِرِينَ ﴿٤٣﴾

1853. Tembung *tharf* punika ateges mripat lan ateges *tiyang tedhak ing ngaluhur* (TA-LL) Manawi nganggé teges ingkang kapisan, wangsuling nétra punika ateges kedhèping netra déné maksudipun: piyambakiptun sagah anindakaken punika kalayan tumunten. Déné manawi nganggé teges satunggalipun, tembung wau kénging dipun jarwani: ing *sadèrèngipun* (*utusan*) paduka ingkang minulya wangsul sowan ing paduka. Tiyang ingkang sinung ngélmuning Kitab, punika tiyang Yahudi.

1854. Dodongèngan ingkang aèng-aèng kalebetaken dhateng sabda pangandika Quran ingkang pasaja punika; déné sababipun margi kakinten bilih lalampahan ingkang kaandharaken wau kelampahan sami sanalika. Tetembungan *bareng dhèwèké andeleng iku wis dumunung ana ing ngarepé*, punika boten ateges bilih panjenenganipun uninga punika anjenggeleg ing salebeting wekdal panjenenganipun imbal wacana, kados ingkang kaandharaken wonten ing dhawuh ingkang sampun wau. Sayektosipun punika lalampahan sanès malih.

44 Dhèwèké dipangandikani: Sampéyan malebet kadhaton; ananging bareng dideleng, panyanané iku banyu amba angilak-ilak, sarta tata-tata ambirat kangèlan iku.[1855] Pangandikané: Saèstunipun punika kadhaton mawi sarasah gedhah.[1856] Unjuké: Pangéran kawula! saèstu kawula sampun anganiaya badan kawula piyambak, saha kawula anyartani Sulaiman sumarah dhateng Allah, Pangéraning sadaya ngalam.[1857]

قِيلَ لَهَا ادْخُلِي الصَّرْحَ ۚ فَلَمَّا رَأَتْهُ
حَسِبَتْهُ لُجَّةً وَّكَشَفَتْ عَنْ سَاقَيْهَا ۚ
قَالَ إِنَّهُ صَرْحٌ مُّمَرَّدٌ مِّنْ قَوَارِيرَ ۗ
قَالَتْ رَبِّ إِنِّي ظَلَمْتُ نَفْسِي وَأَسْلَمْتُ
مَعَ سُلَيْمٰنَ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِينَ ﴿٤٤﴾

1855. Ing kitab-kitab Arab migunakaken tembung *sâq* kalayan mengku teges *rekaos* wonten ing dalem ukara ingkang warni-warni, punika sampun limrah. Ngemungaken tiyang ingkang boten mangertos basa Arab kémawon, ingkang sok remen negesi tembung *sâq* kalayan walaka (inggih punika *kémpol*), jer sampun kalimrah tembung wau kanggé wontening tetembungan ingkang sampun gumathok tegesipun (idiom). الكشف عن الساق punika idiom ingkang sampun kasumerepan ing ngakathah, mengku teges kanggé ambasakaken satunggaling tiyang "samangsa ketaman ing rekaos tegesipun *dhèwèké sumedya nrenjuhi rekasa,* makaten kateranganipun l'Amb; salajengipun panjenenganipun nerangaken (TA, ing ngriku ugi kasebutaken katrangan ingkang kados makaten wau awawaton saking Isd) makaten: "samangsa tiyang punika badhé nyariyosaken rekaosipun satunggaling prakawis utawi satunggaling kawontenan, sarta manawi badhé nyariyosaken anggènipun anggigirisi, piyambakipun lajeng nyebut *sâq* (Q, TA)" (LL). Dados pratélan ing 68: 42 يوم يكشف عن ساق punika tegesipun *ing dina nalika rekasa utawi bilai gedhé bakal binuka* (I'Ab, Mjd). Makaten ugi قامت الفوم على ساق Punika tegesipun *campuhing peperangan saya anggigirisi* (Msb-LL), sarta Jal anggènipun nerangaken tegesipun inggih كشف الحرب عن ساق kados makaten punika (LL). Dhawuh Quran ing 75: 29 ingkang mungel والتفت الساق بالساق punika tegesipun *tuwin bilai ing donya iki dikumpulaké karo bilai ing delahan.* (TA-LL). Makaten قامت الحرب على ساق ugi punika ateges *tiyang kathah* (*kaum*) *dumunung wonten ing kawontenan rekaos* (TA-LL). Saèstunipun taksih kathah sanget tuladha sanès-sanèsipun bab panganggénipun tembung *sâq* sacara ngibarat makaten wau, nanging pethikan sakedhik kasebut nginggil wau kados sampun cekap kanggé anggenahaken jarwan كشفت عن ساقيها kados anggèn kula anjarwakaken wau. Kula aturi mirsani ugi 2546, ing ngriki katerangaken bilih para mufassirin inggih kados makaten wau anggènipun negesi tetembungan punika.

1856. Katranganipun Quran Suci bab kadhaton wau, sarta maksud ingkang kawengku wonten ing ngriku, nedahaken kawicaksananipun Kanjeng Nabi Sulaiman anggènipun damel gagambaran bab makardinipun astaning Pangéran wonten ing dalem sagung titah punika. Panjenenganipun yasa kadhaton gedhah, sarasahing kadhaton inggih saking gedhah, sarta ing sangandhaping sarasah gedhah wonten toyanipun ingkang mili. Sang raja putri ing Saba' kalèntu pamirsanipun, sarasah gedhah kagalih toya ingkang mili. Sareng kaparingan uninga Kanjeng Nabi Sulaiman, sanalika panjenenganipun lajeng anglenggana anggèning sampun tumindhak sasar déné manembah barang-barang lahir, kadosta surya, mangka jatos-jatosing panguwaos utawi tuking ngagesang punika Allah, inggih punika Dhat ingkang asta-Nipun makardi wonten ing barang-barang wau. Lah inggih kanggé maksud makaten punika, déné cariyos punika kaandharaken.

1857. Ing dalem bab punika Quran cengkah kaliyan Bébel. Bébel mastani bilih Kanjeng Nabi

RUKU' 4

Kanjeng Nabi Salih kaliyan Nabi Luth

45-53. Nabi Salih kaliyan ingkang milawani. 54-58. Kaumipun Nabi Luth linebur.

a. 911
b. 1356

45 Lan sayekti, temen Ingsun wus kirim utusan marang Tsamud[a] saduluré, Salih, calathuné:[b] padha ngawulaa ing Allah; lah ing kono dhèwèké dadi rong pantha kang padha pasulayan.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَآ إِلَىٰ ثَمُودَ أَخَاهُمْ
صَٰلِحًا أَنِ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ فَإِذَا هُمْ
فَرِيقَانِ يَخْتَصِمُونَ ﴿٤٥﴾

46 Calathuné: O, bangsaku! yagéné kowé padha anggégé marang ala sadurungé kang becik? Yagéné kowé padha ora nyuwun pangapuraning Allah, supaya kowé padha pinaringan wilasa?

قَالَ يَٰقَوْمِ لِمَ تَسْتَعْجِلُونَ بِٱلسَّيِّئَةِ
قَبْلَ ٱلْحَسَنَةِ ۖ لَوْلَا تَسْتَغْفِرُونَ ٱللَّهَ
لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿٤٦﴾

47 Padha calathu: Aku padha nemu cilaka amarga saka kowé lan amarga saka kang nyartani kowé. Calathuné: Sababé cilakamu iku ana ing ngarsaning Allah; O, balik kowé iku bangsa kang dicoba.

قَالُوا۟ ٱطَّيَّرْنَا بِكَ وَبِمَن مَّعَكَ ۚ
قَالَ طَٰٓئِرُكُمْ عِندَ ٱللَّهِ ۖ بَلْ أَنتُمْ
قَوْمٌ تُفْتَنُونَ ﴿٤٧﴾

48 Lan ing sajroning kutha ana wong lanang sanga, padha agawé wisuna ing bumi sarta ora alaku becik.[1858]

وَكَانَ فِى ٱلْمَدِينَةِ تِسْعَةُ رَهْطٍ
يُفْسِدُونَ فِى ٱلْأَرْضِ وَلَا يُصْلِحُونَ ﴿٤٨﴾

49 Padha calathu: Padha sumpaha ing Allah: aku masthi bakal padha nyidra dhèwèké sakulawargané ing wayah bengi; tumuli

قَالُوا۟ تَقَاسَمُوا۟ بِٱللَّهِ لَنُبَيِّتَنَّهُۥ وَأَهْلَهُۥ

Sulaiman santun dados manembah brahala, margi saking ketularan garwa-garwanipun ingkang sanès tiyang Israil. Nanging Quran nerangaken bilih para garwanipun ingkang lajeng sami ngrasuk dhateng agaminipun Kanjeng Nabi Sulaiman saha dados tiyang ingkang sami angèstu ing Kasawijènipun Pangéran. Panaliti-priksa ing jaman samangké leresipun pratélan ingkang kasebut ing Quran; kula aturi mirsani 147.

1858. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih ing ngriki punika nyasmitakaken mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, awit bénggoling mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi wau inggih sanga cacahipun. Tiyang sanga wau, ingkang wolu tiwas nalika peperangan wonten ing Badr (kajawi Abu Lahab, ingkang pejahipun wonten ing Makkah, nalika mireng pawartos kasoranipun wadya Makkah wonten ing Badr). Nama-namanipun tiyang sanga wau, inggih punika: Abu Jahal, Muth'im bin 'Adiy, Syaibah bin Rabitah, 'Utbah bin Rabi'ah, Walid bin 'Utbah, Umayah bin Khalf, Nadar bin Al-Haris. 'Aqbah bin Abi Mu'aith, tuwin Abu Lahab.

ثُمَّ لَنَقُوْلَنَّ لِوَلِيِّهٖ مَا شَهِدْنَا مَهْلِكَ اَهْلِهٖ وَ اِنَّا لَصٰدِقُوْنَ ﴿۴۹﴾

aku masthi bakal padha kandha marang ahli warisé: Aku padha ora ameruhi leburé kulawargané lan aku iki nyata padha wong temen.[1859]

وَ مَكَرُوْا مَكْرًا وَّ مَكَرْنَا مَكْرًا وَّ هُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ﴿۵۰﴾

50 Lan dhèwèké padha ngrancang rancangan, sarta Ingsun angrancang rancangan, ananging dhèwèké padha ora ngrasa.

فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ مَكْرِهِمْ ۙ اَنَّا دَمَّرْنٰهُمْ وَ قَوْمَهُمْ اَجْمَعِيْنَ ﴿۵۱﴾

51 Lah delengen, kapriyé temahané rancangané: Ingsun sirnakaké dhèwèké dalah bangsané kabèh.

فَتِلْكَ بُيُوْتُهُمْ خَاوِيَةًۢ بِمَا ظَلَمُوْا ؕ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ﴿۵۲﴾

52 Lah iku omah-omahé padha rubuh, amarga saka olèhé padha atindak dudu; sayekti, ing sajeroné iku, temen ana pratandha tumrap wong kang padha weruh.

وَ اَنْجَيْنَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَ كَانُوْا يَتَّقُوْنَ ﴿۵۳﴾

53 Lan Ingsun anyalametaké para wong kang padha angèstu sarta padha anjaga dhiriné (saka ing ala).

وَ لُوْطًا اِذْ قَالَ لِقَوْمِهٖۤ اَتَاْتُوْنَ الْفَاحِشَةَ وَ اَنْتُمْ تُبْصِرُوْنَ ﴿۵۴﴾

a. 917 54 Lan (Ingsun angutus) Luth,[a] nalika dhèwèké calathu marang bangsané: Apa kowé padha anindakaké panggawé nistha, kang mangka kowé padha weruh?

اَئِنَّكُمْ لَتَاْتُوْنَ الرِّجَالَ شَهْوَةً مِّنْ دُوْنِ النِّسَآءِ ؕ بَلْ اَنْتُمْ قَوْمٌ تَجْهَلُوْنَ ﴿۵۵﴾

55 Apa kowé temen padha amareki wong-wong lanang kalawan urubing dhemen, ora marang wong wadon. O, balik kowé iku bangsa kang atindak busuk.

1859. Semunipun ing ngriki punika ugi mengku sasmita mecakaken wontenipun sakuthon ngrénah ing Kanjeng Nabi Suci, jalaran upaya ingkang kados makaten wau ing wasananipun ugi dipun sarujuki déning para titiyang Quraisy, inggih punika kanggé ngrampungi ing panjenenganipun. Kedah dipun pèngeti bilih tumurunipun surat punika kagolong ing mangsa ingkang rumiyin piyambak; déné upaya badhé nyédani Kanjeng Nabi, punika makaten lampahipun: saben pancer Quraisy dipun pendhet satunggal tiyangipun, kapurih ngrundhuk ing Kanjeng Nabi. Para titiyang wau lajeng samia namakaken pedhangipun dhateng sariranipun Kanjeng Nabi kalayan sasarengan, pamrihipun supados boten wonten pancer satunggal kémawon ingkang nama lepat nyédani ing Kanjeng Nabi. Kirang sakedhap kaliyan linggaripun Kanjeng Nabi dhateng nagari Madinah, upaya punika dipun sarujuki sadaya tiyang Quraisy. Dados, lalampahan ingkang gagayutan kaliyan Kanjeng Nabi Salih punika mengku teges piweca.

56 Ananging wangsulané bangsané ora ana liya kajaba mung padha calathu: Padha tundhungen pandhèrèké Luth saka nagaramu; sayekti, dhèwèké iku wong kang padha arep suci!

فَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهٖٓ اِلَّآ اَنْ قَالُوْٓا
اَخْرِجُوْٓا اٰلَ لُوْطٍ مِّنْ قَرْيَتِكُمْ ۚ
اِنَّهُمْ اُنَاسٌ يَّتَطَهَّرُوْنَ ﴿٥٦﴾

57 Ananging Ingsun anyalametaké dhèwèké saahliné, kajaba
Ar. *dhèwèké* rabiné, *iki* Ingsun wus amasthi dadi
panunggalané wong kang padha kari.

فَاَنْجَيْنٰهُ وَ اَهْلَهٗٓ اِلَّا امْرَاَتَهٗ ۫
قَدَّرْنٰهَا مِنَ الْغٰبِرِيْنَ ﴿٥٧﴾

a. 918 58 Lan Ingsun angudanaké udan,[a]
Ar. *ingatasé* *marang* dhèwèké, lah ala udané
Ut. *anibani* wong kang wus padha dipépélingi
iku.

وَ اَمْطَرْنَا عَلَيْهِمْ مَّطَرًا ۚ فَسَآءَ
مَطَرُ الْمُنْذَرِيْنَ ﴿٥٨﴾ ع

RUKU' 5

Para angèstu badhé dipun dadosaken luhur

59. Rahayu tumrap ingkang pinilih. 60-66. Kawasa saha ngèlmunipun Allah.

59 Munjuka: Sadaya pangalembana kagunganipun Allah saha rahayu tumrap para kawula-Nipun ingkang Kapilih. Apa Allah kang luwih becik, apa barang kang padha disakutokaké (karo Panjenengané)?

قُلِ الْحَمْدُ لِلّٰهِ وَ سَلٰمٌ عَلٰى عِبَادِهِ
الَّذِيْنَ اصْطَفٰى ؕ آٰللّٰهُ خَيْرٌ اَمَّا
يُشْرِكُوْنَ ﴿٥٩﴾ ؕ

JUZ XX

60 Apa kang wus anitahaké langit-langit lan bumi sarta anurunaké banyu saka mendhung tumrap marang sira; iku banjur Ingsun agem anukulaké kebun kang éndah; sira ora bisa padha anukulaké wit-witané. Apa ana sesembahan kang anyartani Allah? O, balik dhèwèké iku wong kang padha nalisir.

اَمَّنْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَ الْاَرْضَ وَ
اَنْزَلَ لَكُمْ مِّنَ السَّمَآءِ مَآءً ۚ فَاَنْۢبَتْنَا بِهٖ
حَدَآئِقَ ذَاتَ بَهْجَةٍ ۚ مَا كَانَ لَكُمْ
اَنْ تُنْۢبِتُوْا شَجَرَهَا ؕ ءَاِلٰهٌ مَّعَ اللّٰهِ ؕ
بَلْ هُمْ قَوْمٌ يَّعْدِلُوْنَ ﴿٦٠﴾ ؕ

61 Apa Kang wus andadèkaké
bumi dadi enggon palèrènan, sarta
andadèkaké kali-kali ing kono, lan
andadèkaké gunung-gunung ing
kono, apa déné andadèkaké papa-
a. 917 ger ing antarané sagara loro.[a] Apa
ana sesembahan kang anyartani
Allah? O, balik dhèwèké iku sing
akèh padha ora weruh!

أَمَّنْ جَعَلَ الْأَرْضَ قَرَارًا وَّجَعَلَ خِلٰلَهَآ أَنْهٰرًا وَّجَعَلَ لَهَا رَوَاسِيَ وَجَعَلَ بَيْنَ الْبَحْرَيْنِ حَاجِزًا ۗ ءَإِلٰهٌ مَّعَ اللّٰهِ ۗ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ﴿٦١﴾

62 Apa Kang anyembadani wong
kang kasrakat samangsa anyuwun
ing Panjenenganè tuwin ambirat
alané, apa déné Panjenengané
bakal andadèkaké sira dadi pa-
maréntah ing bumi[1860] Apa ana
sesembahan kang anyartani Allah?
Sathithik anggon sira padha éling!

أَمَّنْ يُّجِيْبُ الْمُضْطَرَّ إِذَا دَعَاهُ وَيَكْشِفُ السُّوْٓءَ وَيَجْعَلُكُمْ خُلَفَآءَ الْأَرْضِ ۗ ءَإِلٰهٌ مَّعَ اللّٰهِ ۗ قَلِيْلًا مَّا تَذَكَّرُوْنَ ﴿٦٢﴾

63 Apa Kang anuntun sira ing
sajroning pepetenging daratan lan
sagara kang lilimengan, sarta Kang
angutus angin minangka warta
bubungah acacala wilasa-Né. Apa
ana sesembahan kang anyartani
Allah? Mahaluhur Allah iku saka
barang kang padha disakuthokaké
(Panjenengané).

أَمَّنْ يَّهْدِيْكُمْ فِيْ ظُلُمٰتِ الْبَرِّ وَالْبَحْرِ وَمَنْ يُّرْسِلُ الرِّيٰحَ بُشْرًاۢ بَيْنَ يَدَيْ رَحْمَتِهٖ ۗ ءَإِلٰهٌ مَّعَ اللّٰهِ ۗ تَعٰلَى اللّٰهُ عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ﴿٦٣﴾

64 Apa Kang amurwani tumita-
hing dumadi banjur angambali
dumadiné, sarta Kang angrejekèni
sira saka ing langit lan bumi. Apa
ana sesembahan kang anyartani
Allah? Calathua: Padha anekakna
buktinira, manawa sira iku padha
wong temen.

أَمَّنْ يَّبْدَؤُا الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيْدُهٗ وَمَنْ يَّرْزُقُكُمْ مِّنَ السَّمَآءِ وَالْأَرْضِ ۗ ءَإِلٰهٌ مَّعَ اللّٰهِ ۗ قُلْ هَاتُوْا بُرْهَانَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ﴿٦٤﴾

65 Calathua: Sapa baé ing langit-
langit lan bumi, ora weruh marang
Ut. *samar* barang *gaib*, kajaba Allah; sarta
dhèwèké padha ora ngrasa, kapan
anggoné bakal padha tinangèkaké.

قُلْ لَّا يَعْلَمُ مَنْ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ الْغَيْبَ إِلَّا اللّٰهُ ۗ وَمَا يَشْعُرُوْنَ أَيَّانَ يُبْعَثُوْنَ ﴿٦٥﴾

1860. Pranyata èdi lan éndah temenan dhawuh-dhawuh punika ! piweca kaselipaken wonten ing dhawuh pratélan bab gumelaring kawasanipun Pangéran dhateng titah sawegung! Sarta inggih punika

Ar. *balik*

66 O, balik susurupané prakara akhirat kambang-kambang;[1860A] *malah* dhèwèké padha dumunung ing semang-semang tumrap prakara iku; o, balik dhèwèké tumrap prakara iku padha wuta babar pisan.

بَلِ ادّٰرَكَ عِلۡمُهُمۡ فِي الۡاٰخِرَةِ ۟ بَلۡ هُمۡ فِيۡ شَكٍّ مِّنۡهَا ٝ بَلۡ هُمۡ مِّنۡهَا عَمُوۡنَ ﴿٦٦﴾

RUKU' 6

Mumbuling ruhani

67-69. Wewulang ingkang sumimpen ing pandumipun titiyang jaman rumiyin. 70-79. Wanci kalampahanipun. 73. Mahamurahipun Gusti Allah. 74, 75. Ngèlmu-Nipun. 76-79. Tuntunan lan pancasan. 80-82. Tiyang tuli sami badhé mireng, tiyang wuta badhé sami sumerep.

67 Lan para kang padha kafir acalathu: Apa yèn aku wis padha dadi lebu, mangkono uga bapak-bapakku, apa temen bakal padha diwetokaké?

وَ قَالَ الَّذِيۡنَ كَفَرُوۡۤا ءَاِذَا كُنَّا تُرٰبًا وَّ اٰبَآؤُنَاۤ اَئِنَّا لَمُخۡرَجُوۡنَ ﴿٦٧﴾

68 Sayekti, temen iki dhèk biyen wis dijanjèkaké marang aku, lan bapak-bapakku; iki ora liya kajaba dodongènganė para wong kuna.

لَقَدۡ وُعِدۡنَا هٰذَا نَحۡنُ وَ اٰبَآؤُنَا مِنۡ قَبۡلُ ۙ اِنۡ هٰذَاۤ اِلَّاۤ اَسَاطِيۡرُ الۡاَوَّلِيۡنَ ﴿٦٨﴾

69 Calathua: Padha lalakua ana ing bumi, lah padha delengen, kapriyé temahané para wong duraka.

قُلۡ سِيۡرُوۡا فِي الۡاَرۡضِ فَانۡظُرُوۡا كَيۡفَ كَانَ عَاقِبَةُ الۡمُجۡرِمِيۡنَ ﴿٦٩﴾

70 Lan aja sira susah prakara dhèwèké sarta aja sira ribed amarga saka pamaékané.

وَ لَا تَحۡزَنۡ عَلَيۡهِمۡ وَ لَا تَكُنۡ فِيۡ ضَيۡقٍ مِّمَّا يَمۡكُرُوۡنَ ﴿٧٠﴾

71 Dhèwèké padha calathu: Kapan bakal kalakoné ancaman iki, yèn kowé iki padha wong temen?

وَ يَقُوۡلُوۡنَ مَتٰى هٰذَا الۡوَعۡدُ اِنۡ كُنۡتُمۡ صٰدِقِيۡنَ ﴿٧١﴾

---

maksudipun ingkang sajatos dhawuhing Pangéran ing sagemblenging ruku' punika, "Wong kang kesrakat" ing ngriki, boten sanès inggih para Muslimin, ingkang ing nalika wekdal wau sami kinaniaya kaliyan kalangkung wengis.

1860A. Utawi,dhawuh punika kénging dipun jarwakaken makaten: *Balik, apa susurupané iku lastari wutuh nganti bebles tekan akhirat* ?

Ut. *bakal tumeka marang kowé sawisé aku lunga*

72 Calathua: Bisa uga sawenèh kang padha sira gégé iku *wis cedhak marang kowé*.[1861]

قُلْ عَسَىٰٓ أَنْ يَكُونَ رَدِفَ لَكُمْ بَعْضُ الَّذِي تَسْتَعْجِلُونَ ٧٢

73 Lan sayekti Pangéranira iku temen Kang kagungan lubèring paparing tumrap para manusa, ananging akèh-akèhé padha ora sukur.

وَإِنَّ رَبَّكَ لَذُو فَضْلٍ عَلَى النَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَشْكُرُونَ ٧٣

74 Sayekti Pangéranira iku temen udani apa kang siningidaké dhadha-dhadhané lan apa kang kawedharaké.

وَإِنَّ رَبَّكَ لَيَعْلَمُ مَا تُكِنُّ صُدُورُهُمْ وَمَا يُعْلِنُونَ ٧٤

75 Lan ora ana barang gaib ing sajroning langit lan bumi kajaba (kabèh iku wus ana) ing sajroning kitab kang terang.

وَمَا مِنْ غَآئِبَةٍ فِي السَّمَآءِ وَالْأَرْضِ إِلَّا فِي كِتَٰبٍ مُّبِينٍ ٧٥

76 Sayekti Quran iki anerangaké marang para turun Israil barang luwih akèh, kang ing kono dhèwèké padha sulaya.

إِنَّ هَٰذَا الْقُرْءَانَ يَقُصُّ عَلَىٰ بَنِيٓ إِسْرَٰٓءِيلَ أَكْثَرَ الَّذِي هُمْ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ٧٦

77 Lan sayekti, iku temen tuntunan lan wilasa tumrap para mukmin.

وَإِنَّهُ لَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِينَ ٧٧

78 Sayekti Pangéranira bakal amancasi *prakarané* kalawan bebeneran-É, lan Panjenengané iku Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahawikan.

إِنَّ رَبَّكَ يَقْضِي بَيْنَهُم بِحُكْمِهِۦ ۚ وَهُوَ الْعَزِيزُ الْعَلِيمُ ٧٨

79 Mulané kumandela marang Allah; sayekti sira iku dumunung ing kasunyatan kang terang.

فَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ ۖ إِنَّكَ عَلَى الْحَقِّ الْمُبِينِ ٧٩

1861. دنا لكم miturut IAr ateges ردف لكم sarta Farra inggih kados makaten wau anggènipun negesi, awit panjenenganipun nerangaken bilih margi wonten *lam*-ipun ingkang dados *silah*, lajeng murugaken tembung wau ateges jawinipun قرب لكم nyedaki sira. Sawenèh mastani bilih, dhawuh punika ateges *bakal tumeka marang kowé sawisé aku ninggal kowé* (LL).

Ut. *malé-ngos*

80 Sayekti sira iku ora agawé krunguné wong mati lan ora agawé krunguné ing panguwuh marang wong budheg samangsané padha mungkur, *angedohi*.[1862]

إِنَّكَ لَا تُسْمِعُ الْمَوْتَىٰ وَلَا تُسْمِعُ الصُّمَّ
الدُّعَاءَ إِذَا وَلَّوْا مُدْبِرِينَ ۝٨٠

81 Lan sira ora bisa dadi pituduh tumrap wong wuta saka ing sasaré; sira ora bisa agawé krunguné sapa-sapa kajaba sing angèstu marang timbalan-timbalan-Ingsun, banjur padha sumarah.

وَمَا أَنتَ بِهَادِي الْعُمْيِ عَن ضَلَالَتِهِمْ ۖ
إِن تُسْمِعُ إِلَّا مَن يُؤْمِنُ بِآيَاتِنَا
فَهُم مُّسْلِمُونَ ۝٨١

Ut. *anyala-thoni*

82 Lan samangsané kalakon sabda iku anibani dhèwèké, Ingsun bakal ametokaké titah saka ing bumi tumrap marang dhèwèké, bakal *anatoni* dhèwèké, déning anggoné para manusa marang timbalan-timbalan-Ingsun ora padha yakin.[1863]

وَإِذَا وَقَعَ الْقَوْلُ عَلَيْهِمْ أَخْرَجْنَا لَهُمْ
دَابَّةً مِّنَ الْأَرْضِ تُكَلِّمُهُمْ أَنَّ
النَّاسَ كَانُوا بِآيَاتِنَا لَا يُوقِنُونَ ۝٨٢

RUKU' 7

Sirnanipun para milawani ingkang ageng-ageng

83-86. Para ingkang angemohi dipun timbali dhateng pangadilan. 87, 88. Para milawani ingkang ageng-ageng sami dipun asoraken. 89, 90. Wawalesipun saé lan wawalesipun awon. 91. Makkah badhé dhumawah ing astanipun Kanjeng Nabi. 92, 93. Pèpènget dhateng ingkang milawani.

1862. Ayat punika dados pasaksèn ingkang terang, punapa tegesipun Kanjeng Nabi angge sangaken tiyang pejah punika; awit kadhawuhaken ing ngriki, bilih samangsa tiyang pejah punika mungkur lan maléngos, Kanjeng Nabi boten saged damel mirengipun. Sampun cetha ingkang kapangandikakaken ing ayat punika tuwin ing wiwitaning dawuh ing ayat candhakipun, punika bab para murang yekti ingkang sami muta lan ambudheg dhateng yekti.

1863. Titah saking bumi ingkang natoni manusa samangsa boten sami angèstu, punika ateges siksa utawi kacilakan ingkang andhawahi manusa, kadosta peperangan, paceklik, pageblug lan sapiturutipun; pageblug langkung khusus, awit pageblug makaten krumanipun natoni utawi nyakiti manusa sarana lumebet dhateng badan. Déné ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika, siksa ingkang tarkadhang sok dhumawah dhateng para mengsahing yakti ing gesang sapunika punika ugi, awit para mengsahing yakti wau sami boten suka manawi yakti punika saged gesang angrembaka tuwin raharja boten kirang satunggal punapa, utawi dhumawah dhateng para tiyang duraka, samangsa kadursilanipun sampun anglangkungi wates, saha samangsa katulusan punika mèh sirna babar pisan. Tumrap ingkang kados makaten wau, para atindak awon sami dipun icipaken dhateng sawenèh siksa ing gesang samangké punika. Inggih sabab saking punika déné kathah piweca-piweca ing hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang kalayan tembung ingkang terang gamblang mangandikakaken peperangan, paceklik, pageblug, tuwin lindhu ing jaman akhir, wonten malih piweca satunggal, ingkang mangandikakaken siksa ingkang kadhawahaken alantaran *dâbbatu-l-ardl, titah ing bumi.* Utawi *dâbbatu-l-ardl* punika kénging dipun tegesi titiyang ingkang kraket ing bumi.

وَيَوْمَ نَحْشُرُ مِنْ كُلِّ اُمَّةٍ فَوْجًا
مِّمَّنْ يُّكَذِّبُ بِاٰيٰتِنَا فَهُمْ يُوْزَعُوْنَ ﴿٨٣﴾

83 Lan ing dinané Ingsun angimpun saka siji-sijining umat sagrombolaning wong kang anggorohaké ing timbalan-timbalan-Ingsun, tumuli padha dipantha-pantha.

حَتّٰٓى اِذَا جَآءُوْ قَالَ اَكَذَّبْتُمْ بِاٰيٰتِىْ
وَلَمْ تُحِيْطُوْا بِهَا عِلْمًا اَمَّا ذَا
كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ﴿٨٤﴾

Ar. *lan*

84 Nganti, samangsané padha teka, Panjenengané bakal ngandika: Apa kowé padha anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ku, *kang mangka* kowé ora duwé kawruh kang anglimputi iku? Utawa apa kang wus padha kolakoni?

وَوَقَعَ الْقَوْلُ عَلَيْهِمْ بِمَا ظَلَمُوْا
فَهُمْ لَا يَنْطِقُوْنَ ﴿٨٥﴾

85 Lan bakal kalakon sabda iku anibani dhèwèké, amarga saka anggoné padha atindak dudu; banjur dhèwèké bakal ora padha kumecap.

اَلَمْ يَرَوْا اَنَّا جَعَلْنَا الَّيْلَ لِيَسْكُنُوْا
فِيْهِ وَالنَّهَارَ مُبْصِرًا ؕ اِنَّ فِىْ ذٰلِكَ
لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ﴿٨٦﴾

86 Apa dhèwèké ora padha andeleng, yèn Ingsun wus andadèkaké wengi, amurih dhèwèké padha lerem ing kono, sarta (wus andadèkaké) raina (amurih) amadhangi? Sayekti, ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha angèstu.

وَيَوْمَ يُنْفَخُ فِى الصُّوْرِ فَفَزِعَ مَنْ
فِى السَّمٰوٰتِ وَمَنْ فِى الْاَرْضِ اِلَّا مَنْ
شَآءَ اللّٰهُ ؕ وَكُلٌّ اَتَوْهُ دٰخِرِيْنَ ﴿٨٧﴾

Ut. *ruh bakal tiniyupaké marang sajroning badan*
a. 789

87 Lan ing dinané *slomprèt bakal tiniyup*,[a] bakal banjur padha giris kang ana ing langit-langit lan ana ing bumi, kajaba kang dadi karsaning Allah, lan kabèh bakal padha séba ing Panjenengané kalawan padha asor.[1864]

1864. Kanggé anedahaken bilih bénjing ing gesang sasampuning pejah mesthi inggih kados makaten, piweca punika ugi dipun laksanani wahananipun wonten ing gesang sapunika punika. Saindhenging tanah Arab angakeni Kanjeng Nabi Suci dados pangagengipun dunyawi tuwin ruhani, sarta para mengsah ingkang ambek gumedhé sami nandhang asor.

وَتَرَى الْجِبَالَ تَحْسَبُهَا جَامِدَةً وَّهِيَ تَمُرُّ مَرَّ السَّحَابِ ۗ صُنْعَ اللّٰهِ الَّذِيْٓ اَتْقَنَ كُلَّ شَيْءٍ ۗ اِنَّهٗ خَبِيْرٌۢ بِمَا تَفْعَلُوْنَ ﴿٨٨﴾

88 Lan sira andeleng gunung-gunung; pangiranira iku kukuh, lan *iki* bakal padha mlaku kaya lakuning méga: pakaryaning Allah, kang adamel samubarang sarwa sampurna; sayekti Panjenengané iku Waspada marang sabarang kang sira lakoni.[1865]

Ar. *dhèwèké*

مَنْ جَآءَ بِالْحَسَنَةِ فَلَهٗ خَيْرٌ مِّنْهَا ۚ وَهُمْ مِّنْ فَزَعٍ يَّوْمَىِٕذٍ اٰمِنُوْنَ ﴿٨٩﴾

89 Sapa sing teka kalawan kabecikan, tumuli bakal olèh kang luwih becik tinimbang iku; lan ing dina iku bakal padha santosa saka prakara kang anggigirisi.

وَمَنْ جَآءَ بِالسَّيِّئَةِ فَكُبَّتْ وُجُوْهُهُمْ فِى النَّارِۗ هَلْ تُجْزَوْنَ اِلَّا مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ﴿٩٠﴾

90 Lan sapa sing teka kalawan kalakuan ala, tumuli rainé bakal padha dilelepaké ing geni; apa kowé bakal winales kajabané apa kang padha kolakoni?

اِنَّمَآ اُمِرْتُ اَنْ اَعْبُدَ رَبَّ هٰذِهِ الْبَلْدَةِ الَّذِيْ حَرَّمَهَا وَلَهٗ كُلُّ شَيْءٍ ۖ وَّاُمِرْتُ اَنْ اَكُوْنَ مِنَ الْمُسْلِمِيْنَ ﴿٩١﴾

91 Aku iki mung didhawuhi supaya angabdi Pangéraning nagara iki, kang wus anucèkaké *nagara iki*, lan kagungané Panjenengané samubarang iku:[1866] lan aku didhawuhi supaya dadi panunggalané wong kang padha sumarah:

Ar. *iku*

وَاَنْ اَتْلُوَا الْقُرْاٰنَ ۚ فَمَنِ اهْتَدٰى فَاِنَّمَا يَهْتَدِيْ لِنَفْسِهٖ ۚ وَمَنْ ضَلَّ فَقُلْ اِنَّمَآ اَنَا مِنَ الْمُنْذِرِيْنَ ﴿٩٢﴾

92 Lan supaya aku maca Quran. Mulané sapa sing alaku bener, lah ora liya iku mung alaku bener tumrap jiwané dhéwé, lan sapa sing sasar *kandhanana*: Aku iki mung panunggalané para jurupépéling.

Ar. *kandhaa*

1865. *Jabal* tegesipun *tiyang ageng*; bab punika sampun katerangaken ing 1280, Redi-redi sami lumampah, punika genah ingkang dipun karsakaken sumingkiripun para titiyang ingkang nyepeng panguwaos, ingkang Milawani anggènipun mumulang Kanjeng Nabi. Ingkang makaten punika ugi sampun kacetha wonten ing dhawuh ing ayat ingkang wekasan, ingkang kalayan terang mangandikakaken siksaning pandamel awon ingkang kadhawahaken Dhat ingkang waspada dhateng sabarang karya ingkang sami katindakaken para titiyang wau. Nalika wekdal piweca punika kadhawuhaken, redi-redi utawi titiyang ingkang kuwaos wau kaanggep sakalangkung santosa, mokal sageda kasingkiraken; nanging piweca punika angundhangakaken, bilih piyambakipun mesthi badhé sumingkir kados sumingkiripun méga.

1866. Dhawuh pratélan ing ngriki, ingkang mangandikakakaken bilih Kanjeng Nabi kadhawuhan ngabdi Pangéranipun nagari Makkah, punika mengku sasmita, bilih abdinipun Pangéran punika mesthi

93 Lan calathua: Sakèhing pangalembana iku kagungané Allah. Panjenengané bakal angatonaké tandha-tandha-Né marang kowé kabèh, iku kowé banjur bakal padha weruh; lan ora bakal Pangéranira iku léna marang apa kang padha kolakoni.[1867]	وَقُلِ الْحَمْدُ لِلّٰهِ سَيُرِيْكُمْ اٰيٰتِهٖ فَتَعْرِفُوْنَهَا ۭ وَمَا رَبُّكَ بِغَافِلٍ عَمَّا تَعْمَلُوْنَ ﴿٩٣﴾

badhé dados gustining nagari wau, awit sadaya samukawis punika kagungan-Ipun, makaten ugi nagari ingkang kasucèkaken wau, awit barang suci makaten boten saged lastantun dumunung wonten ing tangan ingkang boten suci.

1867. Kula aturi anggatosaken ukaraning dhawuh ingkang mangandikakaken kalayan dhawuh kenceng bab prakawis badhe gumelaripun tandha-tandha yekti punika. Ukara ingkang mengku raos kenceng!

ركوعاتها ٩ سُورَةُ القَصَصِ مَكِّيَّةٌ (٢٨) آياتها ٨٨

SURAT 28

AL-QASHASH

(*Cariyos*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*9 ruku', 88 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1-4. Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa.
Ruku' 5. Nabi kados Kanjeng Nabi Musa.
Ruku, 6. Kayektènipun wahyunipun Pangéran.
Ruku' 7. Ingkang sami milawani badhé dipun asoraken.
Ruku' 8. Quran, bandhanipun andhawahaken awakipun piyambak ing karisakan.
Ruku' 9. Menangipun ingkang wekasan Kanjeng Nabi.

Titimangsaning tumurunipun

Sawenèh riwayat nyariyosaken bilih surat punika anggènipun katurunaken dhateng kanjeng Nabi nalika panjenenganipun tindak hijrah dhateng Madinah, wonten ing panggènan ingkang namanipun Jahfah (I'Ab-HH). Sawenèhipun malih nyariyosaken bilih ingkang tumurun wonten ing ngriku punika namung ayat 85 thok, inggih punika dhawuh ingkang mecakaken badhé wangsulipun malih Kanjeng Nabi dhateng Makkah kalayan ambekta kamenangan (I-Salam-AH). Sajakipun ingkang ongka kalih punika ingkang leres. Mirsanana purwaka ingkang mongka kateranganipun surat ingkang kaping 26.

Ingkang kawarsitakaken

Jejering rembag ingkang enggel piyambak wonten ing surat punika bab saminipun Kanjeng Nabi kaliyan Kanjeng Nabi Musa, sarta ing ngriki kapangandikakaken wahyuning Pangéran ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa punika dados pasaksèn ingkang terang gamblang ing kayektèning wahyu ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Muhammad saw. Kawan ruku' ingkang wiwitan surat punika ngandharaken lalampahan ingkang enggel-enggel wonten ing sugengipun Kanjeng Nabi Musa wiwit jaman miyosipun, ngantos dumugi jaman kasilipun saged ngirid titiyang Israil medal saking tanah Mesir, sarta kelemipun wadya bala Mesir. Kathah riricikaning lalampahan ing jaman punika ingkang kasebutaken wonten ing surat ngriki, boten kasebutaken wonten ing panggènan sanès. Andharan bab Kanjeng Nabi Musa lajeng kasambetan ing pratélan ingkang anerangaken bilih nabi ingkang kados déné panjenenganipun punika ing samangké sampun rawuh, inggih punika ingkang kayektènipun kaseksèn déning wahyu ingkang kaampil ing Kanjeng Nabi Musa. Ruku' ingkang kaping nem ngiyataken kayektèning wahyu Quran, ruku' ingkang kaping pitu nerangaken bilih ingkang sami milawani Quran badhé dipun asoraken. Ruku' ingkang kaping wolu nyebutaken Karun kanggé tepa palupi, inggih punika bandhanipun andhawahaken awakipun piyambak ing karisakan, sarta punika dados pèpènget dhateng para titiyang Quraisy, sampun ngantos ngandel-andelaken sanget dhateng bandha-donyanipun, utawi saged ugi punika minangka pèpènget dhateng para Muslimin samangsa sampun sami sugih lan kuwaos. Wekasaning surat angundhangaken menangipun ingkang wekasan Kanjeng Nabi, lan badhé rawuhipun malih kalayan ambekta kamenangan dhateng kitha Makkah, ingkang ing sapunika kapeksa katilar kèndhang.

RUKU' 1

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

1, 2. Kitab ingkang adamel terang. 3-6. Fir'aun ambujeng turun Israil. 7-13. Babayi Musa kacemplungaken lèpèn, ketulungan sarta kawangsulaken dhateng ibunipun.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسۡمِ اللّٰهِ الرَّحۡمٰنِ الرَّحِيۡمِ ○

1 Allah, Ingkang-wilasa-Né anglimputi, Ingkang-Miyarsa, Ingkang-
a. 1802 Anguningani,[a]

طٰسٓمّٓ ﴿١﴾

2 Iki ayat-ayating Kitab kang
b. 1803 agawé terang![b]

تِلۡكَ اٰيٰتُ الۡكِتٰبِ الۡمُبِيۡنِ ﴿٢﴾

3 Ingsun amacakaké marang sira lalakoné Musa karo Fir'aun kalawan nyata, tumrap wong-wong kang padha angèstu.

نَتۡلُوۡا عَلَيۡكَ مِنۡ نَّبَاِ مُوۡسٰى وَفِرۡعَوۡنَ بِالۡحَقِّ لِقَوۡمٍ يُّؤۡمِنُوۡنَ ﴿٣﴾

4 Sayekti Fir'aun iku kumaluhur ana ing bumi sarta andadèkake wong ing kono dadi panthan-panthan, angapesaké papanthan kang sawidji;[1868] ambelèhi anak-anaké lanang lan anguripi para wadon-wadon; sayekti dhèwèké iku panunggalané para kang agawé wisuna.

اِنَّ فِرۡعَوۡنَ عَلَا فِى الۡاَرۡضِ وَجَعَلَ اَهۡلَهَا شِيَعًا يَّسۡتَضۡعِفُ طَآئِفَةً مِّنۡهُمۡ يُذَبِّحُ اَبۡنَآءَهُمۡ وَيَسۡتَحۡىٖ نِسَآءَهُمۡ ؕ اِنَّهٗ كَانَ مِنَ الۡمُفۡسِدِيۡنَ ﴿٤﴾

5 Lan Ingsun arsa aparing nugraha marang kang padha diapesaké ana ing bumi, lan (arsa) andadèkaké dhèwèké padha dadi pangarep, apa déné (arsa) andadèkaké dhè-wèké padha dadi waris,[1869]

وَنُرِيۡدُ اَنۡ نَّمُنَّ عَلَى الَّذِيۡنَ اسۡتُضۡعِفُوۡا فِى الۡاَرۡضِ وَنَجۡعَلَهُمۡ اَئِمَّةً وَّنَجۡعَلَهُمُ الۡوٰرِثِيۡنَ ۙ ﴿٥﴾

1868. Papanthan kalih wau inggih punika titiyang Israil tuwin titiyang Mesir. Wondéné titiyang Mesir, kadadosaken lulurah (tukang nyukani padamelan utawi sasanggèn) tumrap titiyang Israil. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih punika mengku karsa mangandikakaken panganiaya ingkang kasandhang para Muslimin. Titiyang Quraisy, inggih punika papanthan ingkang langkung kiyat, sumedya badhé numpes papanthanipun titiyang Muslimin ingkang ringkih.

1869. Kadadosaken waris punika boten teka ateges bilih piyambakipun kakarsakaken badhé maris barang darbèkipun raja Fir'aun, nanging maris karaton ing Kan'an, tanah ingkang kajanjèkaken. Lah punika ugi nyasmitani badhé jumenengipun karatoning Islam tuwin kawonipun para tukang nganiaya.

6 Lan (arsa) aparing kawasa ana ing bumi marang dhèwèké, sarta (arsa) ameruhaké saka dhèwèké marang Fir'aun tuwin Haman sawadyabalané sakaroné barang kang pada digirisi.[1870]

وَنُمَكِّنَ لَهُمْ فِي الْأَرْضِ وَنُرِيَ فِرْعَوْنَ
وَهَامَانَ وَجُنُودَهُمَا مِنْهُمْ مَّا كَانُوا
يَحْذَرُونَ ۝٦

7 Lan Ingsun wus amedhar sabda marang ibuné Musa, sabda-
a. 1356 Ningsun:[a] Dhèwèké susonana; lah manawa sira anguwatiraké marang
Ar. *dhèwèké* dhèwèké, *iku* banjur cemplungna ing kali sarta aja kowé kuwatir tuwin aja susah; sayekti Ingsun bakal ambalèkaké dhèwèké marang sira sarta andadèkaké dhèwèké dadia panunggalané para utusan.

وَأَوْحَيْنَآ إِلَىٰٓ أُمِّ مُوسَىٰٓ أَنْ أَرْضِعِيهِ ۖ
فَإِذَا خِفْتِ عَلَيْهِ فَأَلْقِيهِ فِي الْيَمِّ
وَلَا تَخَافِي وَلَا تَحْزَنِي ۖ إِنَّا رَآدُّوهُ
إِلَيْكِ وَجَاعِلُوهُ مِنَ الْمُرْسَلِينَ ۝٧

8 Tumuli dhèwèké dientasaké déning para pandhèrèké Fir'aun, cikbèn tumrapé dhèwèké dadi mungsuh lan kasusahan;[1871] sayekti Fir'aun lan Haman sawadyabalané sakaroné iku padha wong luput.

فَالْتَقَطَهُ آلُ فِرْعَوْنَ لِيَكُونَ لَهُمْ عَدُوًّا
وَّحَزَنًا ۗ إِنَّ فِرْعَوْنَ وَهَامَانَ
وَجُنُودَهُمَا كَانُوا خَاطِئِينَ ۝٨

9 Lan rabiné Fir'aun acalathu: Panyegering mripat tumrap kula saha tumrap sampéyan; piyambak-ipun sampun sampéyan pejahi;
Ar. *piyambak* saged ugi *punika* badhé maédahi

وَقَالَتِ امْرَأَتُ فِرْعَوْنَ قُرَّتُ عَيْنٍ
لِّي وَلَكَ ۖ لَا تَقْتُلُوهُ ۖ عَسَىٰٓ أَن يَنفَعَنَآ

1870. Raja Fir'aun tuwin para paramparanipun sami kuwatos bok bilih titiyang Israil, ingkang wontenipun ing tanah Mesir dados tiyang ngamanca, punika ing satunggaling wekdal lajeng dados kiyat saha nyepeng panguwaos wonten ing Mesir. Milanipun titiyang Mesir wau lajeng sami nindhes sarta nganiaya dhateng titiyang Israil sarana lampah warni-warni. Éwadéné kaparenging karsanipun Pangéran ngarsakaken barang ingkang dipun kuwatosaken Fir'aun wau kalampahan saèstu, tuwin andadosaken titiyang Israil ingkang dipun kethiplakakaken wau dados bangsa ingkang kiyat tuwin dados bangsa ingkang maréntah. Sarta inggih kados makaten wau ugi keparenging karsanipun Pangéran tumrap dhateng titiyang Muslimin ingkang kinaniaya. Dupèh Abasuerus, nata ing Persi, kagungan kakasih ingkang nama Haman, mangka Bébel boten nyebutaken bilih Fir'aun kagungan najaka ingkang ugi nama Haman, punika lajeng kanggé waton amastani, bilih Kanjeng Nabi Suci kisruh ing panganggep, Fir'aun cawuh kaliyan raja Parsi. Saèstunipun mendhet pupuntoning pamanggih sacara makaten wau nama anèh, jalaran saged kémawon tiyang Mesir nganggé nama Haman kados tiyang Persi.

1871. Punika tuladhanipun ingkang cetha *lâmu-l-'âqibah,* inggih punika *lâm* ingkang dipun anggé kanggé nedahaken "temahan" utawi "wasana." Leres, sanès maksudipun para titiyangipun Fir'aun, andadosaken pun jabang dados mengsahipun; éwadéné ing wasananipun inggih kados makaten wau kelampahanipun.

Ar. *sadaya*

dhateng kula *ngriki*, utawi sami dipun pendhet anak; lan dhèwèké padha ora anggraita.

أَوْ نَتَّخِذَهُ وَلَدًا وَّهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ﴿٩﴾

10 Lan atiné ibuné Musa sepi (saka ing kuwatir);[1872] mèh baé dhèwèké ambalakakaké prakara iku, ajaa Ingsun wus angukuhaké atiné, supaya dhèwèké dadia panunggalané para wong angèstu.

وَأَصْبَحَ فُؤَادُ أُمِّ مُوْسٰى فٰرِغًا ۖ إِنْ
كَادَتْ لَتُبْدِيْ بِهٖ لَوْلَآ أَنْ رَّبَطْنَا عَلٰى
قَلْبِهَا لِتَكُوْنَ مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿١٠﴾

Ar. *dhèwèké kabèh*

11 Lan dhèwèké acalathu marang mbakyuné (Musa): Dhèwèké tutna. Banjur angetutaké dhèwèké saka ing kadohan, déné *wong-wong* padha ora anggraita.

وَقَالَتْ لِأُخْتِهٖ قُصِّيْهِ ۫ فَبَصُرَتْ بِهٖ
عَنْ جُنُبٍ وَّهُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ﴿١١﴾

Ar. *nglarangi marang*

Ut. *mbakyuné Musa*

Ar. *tumrap*

Ar. *piyambakipun*

12 Lan ing mauné Ingsun *ora kapareng* dhèwèké nusu; tumuli *dhèwèké* acalathu: Punapa sampéyan karsa kula tedahaken batih griya ingkang *saged tulung* dhateng sampéyan angopèni *punika* sarta sami badhé gumatos dhateng piyambakipun?[1873]

وَحَرَّمْنَا عَلَيْهِ الْمَرَاضِعَ مِنْ قَبْلُ
فَقَالَتْ هَلْ أَدُلُّكُمْ عَلٰٓى أَهْلِ بَيْتٍ
يَّكْفُلُوْنَهٗ لَكُمْ وَهُمْ لَهٗ نٰصِحُوْنَ ﴿١٢﴾

13 Dadi dhèwèké wus Ingsun balèkaké marang ibuné, supaya anyegerna mripaté lan (supaya) aja susah sarta supaya weruha, yèn janjining Allah iku nyata; ananging dhèwèké sing akèh padha ora weruh.[1874]

فَرَدَدْنٰهُ إِلٰٓى أُمِّهٖ كَيْ تَقَرَّ عَيْنُهَا
وَلَا تَحْزَنَ وَلِتَعْلَمَ أَنَّ وَعْدَ اللّٰهِ
حَقٌّ وَّلٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُوْنَ ﴿١٣﴾

1872. Panggalihipun ingkang ibu Kanjeng Nabi Musa sepen saking kuwatos, punika margi saking panjenenganipun sampun angsal katemtuan saking Pangéran lantaran wahyu. Dhawuh candhakipun nedahaken, bilih panggalihipun ingkang ibu Kanjeng Nabi Musa sampun kasantosakaken langkung rumiyin kalayan kasabaran, dados boten kénging winastan kasepenan ing sabar. Menggah ing sajatos-jatosipun tembung *farig*, punika asring kémawon dipun pigunakaken sacara jugagan, terangipun: wonten ukaranipun malih ingkang dipun langkahi boten dipun sebutaken; déné tegesipun: *sepi saka samar utawi kuwatir utawi melang-melang* (LL).

1873. *Nâsih* tegesipun tiyang ingkang suka pamrayogi kalayan tulusing manah utawi tiyang ingkang mamrih saé dhateng tiyang sanès utawi tiyang ingkang gumantos (Q-LL).

1874. Terang ingkang dipun karsakaken punika para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang boten sami sumerep bilih janjining Allah kados ingkang kaparingaken dhateng para angèstu, punika badhé kanyataan saèstu.

RUKU' 2

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

14-21. Kanjeng Nabi Musa amejahi tiyang Mesir sarta dipun ancam babaya.

14 Lan bareng wis tumeka kuwat (akal)-é sarta wis diwasa, dhèwèké Ingsun paringi kawicaksanan lan kawruh, lan kaya mangkono iku pangganjar-Ingsun marang para kang agawé becik (marang liyan).

وَلَمَّا بَلَغَ اَشُدَّهٗ وَاسْتَوٰٓى اٰتَيْنٰهُ حُكْمًا وَّعِلْمًا ۭ وَكَذٰلِكَ نَجْزِى الْمُحْسِنِيْنَ ﴿١٤﴾

15 Lan dhèwèké malebu kutha ing mangsa lénané wong-wong, tumuli ing kono katemu wong loro padha kerengan, *kang siji* panunggalané golongané, *sijiné* panunggalané mungsuhé; tumuli kang panunggalané golongané anglawan kang panunggalané mungsuhé; mulané Musa anjotos dhèwèké, lan rampung. Calathuné: Iki saka panggawéné sétan; sayekti, iku mungsuh kang tétéla nasaraké.[1875]

Ar. *iki*
Ar. *iki*

وَدَخَلَ الْمَدِيْنَةَ عَلٰى حِيْنِ غَفْلَةٍ مِّنْ اَهْلِهَا فَوَجَدَ فِيْهَا رَجُلَيْنِ يَقْتَتِلٰنِ ۤ هٰذَا مِنْ شِيْعَتِهٖ وَهٰذَا مِنْ عَدُوِّهٖ ۚ فَاسْتَغَاثَهُ الَّذِىْ مِنْ شِيْعَتِهٖ عَلَى الَّذِىْ مِنْ عَدُوِّهٖ ۙ فَوَكَزَهٗ مُوْسٰى فَقَضٰى عَلَيْهِ ۤ قَالَ هٰذَا مِنْ عَمَلِ الشَّيْطٰنِ ۭ اِنَّهٗ عَدُوٌّ مُّضِلٌّ مُّبِيْنٌ ﴿١٥﴾

16 Dhèwèké munjuk: Pangéran kawula! saèstu kawula sampun adamel pituna ing dhiri kawula piyambak, milanipun mugi Tuwan angayomi kawula. Banjur Panjenengané angayomi dhèwèké; sayekti Panjenengané iku Ingkang-Aparamarta, Ingkang-Mahaasih.[1876]

قَالَ رَبِّ اِنِّىْ ظَلَمْتُ نَفْسِىْ فَاغْفِرْ لِىْ فَغَفَرَ لَهٗ ۭ اِنَّهٗ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ ﴿١٦﴾

1875. Ternbung "iki" wonten ing pangandikanipun Kanjeng Nabi Musa punika, ingkang dipun karsakaken: pidana ingkang kapatrapaken dhateng tiyang Mesir wau; déné suraosipun: margi saking pandamelipun tiyang Mesir wau kados pandameling sétan, mila piyambakipun kapidana kados makaten wau. Pangentasan 2: 12 nyebutaken bilih Kanjeng Nabi Musa mejahi tiyang Mesir; kitab-kitabipun agami Yahudi anggènipun nerangaken, bilih tiyang wau pancèn pantes pinejahan "awit piyambakipun sampun ngrudaparipeksa satunggaling tiyang èstri bangsa Yahudi lampah sèdhèng kaliyan piyambakipun" (Yewish En. jilid IX kaca 48). Quran boten nyebutaken kalayan ceplos punapa dosanipun, nanging sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih Quran nyebutaken dosanipun tiyang wau tindaking sétan. Panganggep bilih Kanjeng Nabi Musa mastani anggènipun anjotos tiyang Mesir wau "tindaking sétan," punika boten leres. Ayat 17 nedahaken kalayan cetha, bilih Kanjeng Nabi Musa boten nganggep sariranipun piyambak dados tiyang ingkang nindakaken pandamel dédé utawi biyantu dhateng tiyang lepat. Mirsanana ugi 1808.

1876. Donganipun Kanjeng Nabi Musa punika boten kénging dipun anggé bukti, bilih Kanjeng

17 Dhèwèké munjuk: Pangéran kawula! sarèhning Tuwan sampun aparing nugraha ing kawula, milanipun boten badhé kawula dados panulung tumrap titiyang lepat.

قَالَ رَبِّ بِمَآ أَنْعَمْتَ عَلَيَّ فَلَنْ
أَكُونَ ظَهِيرًا لِّلْمُجْرِمِينَ ﴿١٧﴾

18 Lan dhèwèké ana ing sajroning nagara, ngandhut kuwatir, anganti-anti, lah ing kono, kang anjaluk tulung dhèwèké dhèk winginé sambat anjaluk tulung dhèwèké. Musa acalathu marang dhèwèké: sayekti kowé iku temen wong luput kang tétéla.

فَأَصْبَحَ فِي الْمَدِينَةِ خَآئِفًا يَتَرَقَّبُ
فَإِذَا الَّذِي اسْتَنصَرَهُ بِالْأَمْسِ
يَسْتَصْرِخُهُ ۚ قَالَ لَهُ مُوسَىٰ إِنَّكَ
لَغَوِيٌّ مُّبِينٌ ﴿١٨﴾

19 Bareng dhèwèké arep anangani wong kang dadi mungsuh tumrap sakaroné, dhèwèké acalathu: É, Musa! apa kowé arep matèni aku, kaya olèhmu matèni wong dhèk wingi? Kowé iku ora liya kajaba mung arep dadi wong rudaparipeksa ing bumi, lan ora niyat kowé arep dadi panunggalané para kang alaku tulus.

فَلَمَّآ أَنْ أَرَادَ أَنْ يَبْطِشَ بِالَّذِي
هُوَ عَدُوٌّ لَّهُمَا ۙ قَالَ يَٰمُوسَىٰ أَتُرِيدُ
أَن تَقْتُلَنِي كَمَا قَتَلْتَ نَفْسًا بِالْأَمْسِ ۖ
إِن تُرِيدُ إِلَّآ أَن تَكُونَ جَبَّارًا فِي
الْأَرْضِ وَمَا تُرِيدُ أَن تَكُونَ
مِنَ الْمُصْلِحِينَ ﴿١٩﴾

20 Lan ana wong lanang sawiji teka ana ing bagéaning kutha iku kang adoh banget mlayoni. Calathuné: O, Musa! saèstu para pangageng sami kempal angrembag sampéyan, badhé mejahi sampéyan; milanipun (énggal) sampéyan oncat; saèstu kula punika panunggalanipun para ingkang sami ngéman dhateng sampéyan.

وَجَآءَ رَجُلٌ مِّنْ أَقْصَا الْمَدِينَةِ
يَسْعَىٰ قَالَ يَٰمُوسَىٰ إِنَّ الْمَلَأَ
يَأْتَمِرُونَ بِكَ لِيَقْتُلُوكَ فَاخْرُجْ
إِنِّي لَكَ مِنَ النَّاصِحِينَ ﴿٢٠﴾

Nabi Musa dosa, awit tembung ظلمت نفسي punika tegesipun, *kawula sampun adamel pituna ing dhiri kawula piyambak*, jalaran tegesipun ingkang sakawit *dzulm* punika *naqsh* (TA), utawi adamel nandang pituna (LL), sarta inggih teges punika ingkang kanggé ing 7: 60 tuwin ing 18: 33, *Dzalamahu* ugi ateges *mikulaken dhateng awakipun piyambak sasanggèn ingkang langkung saking kadar kakiyatan utawi kasagedanipun*. Déné suraosipun ing ngriki, inggih punika: Kanjeng Nabi Musa andadosaken sariranipun piyambak kaancam ing babaya, margi saking anggènipun mitulungi tiyang sanès.

21 Mulané dhèwèké oncat saka ing kono kalawan angandhut kuwatir anganti-anti, unjuké: Pangéran kawula! mugi Tuwan amilujengaken kawula saking bangsa ingkang anganiaya punika.

فَخَرَجَ مِنْهَا خَآئِفًا يَّتَرَقَّبُ قَالَ رَبِّ نَجِّنِيْ مِنَ الْقَوْمِ الظّٰلِمِيْنَ ﴿٢١﴾

RUKU' 3

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

22-26. Malajeng dhateng Madiyan. 27, 28. Anggènipun krama.

22 Lan bareng adhepé angener marang Madiyan, calathuné: Ambok-manawi Pangéranku bakal nuntun aku ing dadalan kang bener.

وَلَمَّا تَوَجَّهَ تِلْقَآءَ مَدْيَنَ قَالَ عَسٰى رَبِّيْٓ اَنْ يَّهْدِيَنِيْ سَوَآءَ السَّبِيْلِ ﴿٢٢﴾

23 Lan bareng dhèwèké tumeka ing banyuné Madiyan, ing kono katemu wong sagolongan padha angombèkaké (wedhusé), lan saliyané *iku* dhèwèké katemu wong wadon loro padha ngunduraké (wedhusé). Calathuné: Apa kang dadi susahmu sakaroné? Padha calathu: Kula boten sami saged ngombèkaken, *manawi* para pangèn punika dèrèng sami angésahaken (méndanipun), sarta bapak kula tiyang sepuh sanget.

Ar. *dhèwèké*

Ar. *ngantos*

وَلَمَّا وَرَدَ مَآءَ مَدْيَنَ وَجَدَ عَلَيْهِ اُمَّةً مِّنَ النَّاسِ يَسْقُوْنَ ۬ وَوَجَدَ مِنْ دُوْنِهِمُ امْرَاَتَيْنِ تَذُوْدٰنِ ۚ قَالَ مَا خَطْبُكُمَا ۗ قَالَتَا لَا نَسْقِيْ حَتّٰى يُصْدِرَ الرِّعَآءُ ۫ وَاَبُوْنَا شَيْخٌ كَبِيْرٌ ﴿٢٣﴾

24 Tumuli dhèwèké angombèkaké (wedhusé wong wadon) sakaroné iku, banjur bali marang éyupan, banjur munjuk: Pangéran kawula! saèstu, kawula punika, dhateng samukawis kasaénan ingkang Tuwan turunaken dhateng kawula, betah sanget.

فَسَقٰى لَهُمَا ثُمَّ تَوَلّٰٓى اِلَى الظِّلِّ فَقَالَ رَبِّ اِنِّيْ لِمَآ اَنْزَلْتَ اِلَيَّ مِنْ خَيْرٍ فَقِيْرٌ ﴿٢٤﴾

25 Tumuli wadon loro mau kang siji lumaku kalawan rikuh anekani

فَجَآءَتْهُ اِحْدٰىهُمَا تَمْشِيْ عَلَى اسْتِحْيَآءٍ ۡ

dhèwèké.[1877] Calathuné: Sampéyan dipun aturi mrika bapak, perlu badhé dipun caosi pituwas anggèn sampéyan sampun angombèkaken (ménda) kula. Bareng dhèwèké wus teka ing *kono* sarta wus anyaritakaké lalakon marang dhèwèké, *iki* acalathu: Sampun sampéyan kuwatos, sampéyan wilujeng saking titiyang ingkang anganiaya.

قَالَتْ إِنَّ أَبِي يَدْعُوكَ لِيَجْزِيَكَ أَجْرَ مَا سَقَيْتَ لَنَا ۚ فَلَمَّا جَاءَهُ وَقَصَّ عَلَيْهِ الْقَصَصَ قَالَ لَا تَخَفْ ۖ نَجَوْتَ مِنَ الْقَوْمِ الظَّالِمِينَ ٢٥

Ar. *piyambakipun*

26 Wadon loro mau kang siji calathu: O, bapak! *punika* panjenengan pundhut réncang; saèstu, ingkang langkung saé panjenengan pundhut réncang punika tiyang ingkang rasa, tiyang ingkang pinitados.

قَالَتْ إِحْدَاهُمَا يَا أَبَتِ اسْتَأْجِرْهُ ۖ إِنَّ خَيْرَ مَنِ اسْتَأْجَرْتَ الْقَوِيُّ الْأَمِينُ ٢٦

Ar. *manggih*

27 Calathuné: Kula punika gadhah niyat badhé andhaupaken salah satunggaling anak kula èstri kakalih punika kaliyan sampéyan, kalawan janji: sampéyan aréréncang kula wolung taun; déné manawi sampéyan badhé anjangkepaken sadasa (taun), inggih sakajeng sampéyan, sarta kula boten gadhah kajeng badhé adamel rekaos dhateng sampéyan; manawi Allah angarsakaken, sampéyan badhé *sumerep nyatanipun*, *manawi* kula punika panunggilanipun para tulus.[1878]

قَالَ إِنِّي أُرِيدُ أَنْ أُنْكِحَكَ إِحْدَى ابْنَتَيَّ هَاتَيْنِ عَلَىٰ أَنْ تَأْجُرَنِي ثَمَانِيَ حِجَجٍ ۖ فَإِنْ أَتْمَمْتَ عَشْرًا فَمِنْ عِنْدِكَ ۖ وَمَا أُرِيدُ أَنْ أَشُقَّ عَلَيْكَ ۚ سَتَجِدُنِي إِنْ شَاءَ اللَّهُ مِنَ الصَّالِحِينَ ٢٧

1877. Mirsanana Pangentasan 2: 15-21. Quran boten nyebutaken pinten anakipun èstri tiyang wau; Quran namung mangandikakaken bilih laré èstri ingkang kalih kapatah angèn méndaning bapakipun. Dados tiyang ingkang mastani bilih cariyos punika worsuh kaliyan carios anakipun èstri Laban kakalih, punika malah piyambakipun piyambak ingkang kisruh.

1878. Tukang kritik Nasrani gadhah pamanggih, bilih cariyos punika ugi worsuh. Dupèh Kanjeng Nabi Ya'qub naté ngladosi Laban pitung taun minangka netepi babana anggènipun mundhut garwa salah satunggaling anakipun èstri Laban (Purwaning-dumados 29: 18), punika lajeng nuwuhaken panganggep bilih cariyosipun Bébel "ingkang kénging pinitados" punika wonten ing panggalihipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. dados cawuh boten kanten-kantenan, ngantos nukulaken cariyosan kramanipun Kanjeng Nabi Musa. Wonten ing pikiranipun tukang-kritik Nasrani, manawi magepokan kaliyan cariyos ingkang wonten ing Quran, lalampahan ingkang radi wonten saminipun sakedhik kémawon, rnakaten ugi nama ingkang nunggil, punika lajeng kémawon nukulaken pupuntoning

Ar. *antawisipun kula kaliyan antawisipun*

28 Calathuné: Punika badhé (prajanjian) *kula kaliyan* panjenengan; mangsa kakalih punika pundi ingkang badhé kula tetepi, rak boten badhé wonten kalepatan ing atasipun kula; lan Allah punika saksi ingatasipun punapa ingkang sami kula ucapaken.

قَالَ ذٰلِكَ بَيۡنِىۡ وَبَيۡنَكَ ؕ اَيَّمَا الۡاَجَلَيۡنِ
قَضَيۡتُ فَلَا عُدۡوَانَ عَلَىَّ ؕ وَاللّٰهُ عَلٰى
مَا نَقُوۡلُ وَكِيۡلٌ ﴿۲۸﴾

RUKU' 4

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

29-35. Ayahanipun Kanjeng Nabi Musa. 36-39. Pabenipun Fir'aun kaliyan panjenenganipun. 40-42. Fir'aun dipun kèlem.

29 Bareng Musa wus angganepaké mangsa kang wus tinamtu sarta lunga karo kulawargané, weruh ing iring kénéning gunung ana geni. Acalathu marang kulawargané: Padha mandhega, sayekti aku andeleng geni, manawa-manawa aku bisa anggawa *mréné* kabar utawa tumper kang murub saka ing kono, supaya kowé padha bisa api-api.[a]

Ar. *marang*

a. 578

فَلَمَّا قَضٰى مُوۡسَى الۡاَجَلَ وَسَارَ بِاَهۡلِهٖۤ
اٰنَسَ مِنۡ جَانِبِ الطُّوۡرِ نَارًا ۚ قَالَ
لِاَهۡلِهِ امۡكُثُوۡۤا اِنِّىۡۤ اٰنَسۡتُ نَارًا لَّعَلِّىۡۤ
اٰتِيۡكُمۡ مِّنۡهَا بِخَبَرٍ اَوۡ جَذۡوَةٍ مِّنَ
النَّارِ لَعَلَّكُمۡ تَصۡطَلُوۡنَ ﴿۲۹﴾

30 Bareng dhèwèké teka ing kono, diuwuh saka sisih tengening jujurang, ing papan kang binarkahan *kebak* kakayon, ujaring swara:[b] O, Musa! sayekti Aku iki Allah, Pangéraning ngalam kabèh.

Ar. *saka*

b. 1356

فَلَمَّاۤ اَتٰٮهَا نُوۡدِىَ مِنۡ شَاطِیٴِ الۡوَادِ
الۡاَيۡمَنِ فِى الۡبُقۡعَةِ الۡمُبٰرَكَةِ مِنَ
الشَّجَرَةِ اَنۡ يّٰمُوۡسٰٓى اِنِّىۡۤ اَنَا اللّٰهُ
رَبُّ الۡعٰلَمِيۡنَ ۙ ﴿۳۰﴾

31 Lan pangandikané: Uncalna tekenira. Bareng dhèwèké weruh iku obah, kaya-kaya iku ula,[c] (banjur) mungkur, angoncati, lan ora bali. O, Musa! majua lan aja kuwatir; sayekti, sira iku panunggalané para kang padha slamet:

c. 926, 1581

وَاَنۡ اَلۡقِ عَصَاكَ ؕ فَلَمَّا رَاٰهَا تَهۡتَزُّ
كَاَنَّهَا جَآنٌّ وَّلّٰى مُدۡبِرًا وَّلَمۡ يُعَقِّبۡ ؕ
يٰمُوۡسٰۤى اَقۡبِلۡ وَلَا تَخَفۡ اِنَّكَ
مِنَ الۡاٰمِنِيۡنَ ﴿۳۱﴾

---

pamanggih, bilih cariyos wau worsuh lan cawuh. Miturut cacariyosan ingkang pinanggih wonten ing kitab-kitabipun agami Yahudi, Kanjeng Nabi Musa naté ngèngèr Kanjeng Nabi Syu'aib ngantos sadasa taun, dados punika ngiyataken lajering cariyos ingkang kasebut ing Quran (*mirsanana Yewish En.*), sarta inggih boten nama nglengkara Kanjeng Nabi Musa ngantos sadasa-nan taun anggènipun andhèrèk Kanjeng nabi Syu'aib karana badhé anggarwa ingkang putra Kanjeng Nabi Syu'aib wau.

d. 926, 1582
Ut. *diteguh sajroné wedi*

32 Tanganira sira salobokna ing dhadhanira, iku metuné bakal putih warnané, tanpa cacad,[d] lan *sira rapetna tanganira* (*utawa suwiwinira*) *ing awakira saka wedi*: lah loro iku bukti loro saka Pangéranira marang Fir'aun dalah para wongé gedhé-gedhé; sayekti, dhèwèké iku wong kang padha murang yekti.

اُسْلُكْ يَدَكَ فِيْ جَيْبِكَ تَخْرُجْ بَيْضَآءَ
مِنْ غَيْرِ سُوْٓءٍ ۫ وَّ اضْمُمْ اِلَيْكَ جَنَاحَكَ
مِنَ الرَّهْبِ فَذٰنِكَ بُرْهَانٰنِ مِنْ
رَّبِّكَ اِلٰى فِرْعَوْنَ وَ مَلَا۠ئِهٖ ؕ اِنَّهُمْ
كَانُوْا قَوْمًا فٰسِقِيْنَ ۝٣٢

33 Unjuké: Pangéran kawula! saèstu kawula sampun mejahi panunggilanipun piyambakipun satunggal, milanipun kawula kuwatos manawi dipun pejahi piyambakipun:

قَالَ رَبِّ اِنِّيْ قَتَلْتُ مِنْهُمْ نَفْسًا
فَاَخَافُ اَنْ يَّقْتُلُوْنِ ۝٣٣

Ar. *piyambakipun*

34 Saha sadhèrèk kawula, Harun, *punika* langkung tètèh-patitis ing wicara tinimbang kawula milanipun mugi Tuwan angutus piyambakipun anyartani kawula minangka pambantu, anemenaken kawula; saèstu kawula kuwatos, manawi piyambakipun badhé sami anggorohaken kawula.

وَ اَخِيْ هٰرُوْنُ هُوَ اَفْصَحُ مِنِّيْ لِسَانًا
فَاَرْسِلْهُ مَعِيَ رِدْاً يُّصَدِّقُنِيْٓ ۫ اِنِّيْٓ
اَخَافُ اَنْ يُّكَذِّبُوْنِ ۝٣٤

35 Pangandikané: Ingsun bakal anguwataké baunira kalawan sadulurira, lan Ingsun bakal aparing wisésa marang sira sakaroné, temah dhèwèké bakal padha ora tumama marang sira:[1879] (mangkata) kalawan tandha-tandha-Ningsun; sira sakaroné dalah sapa kang manut ing sira bakal unggul.

قَالَ سَنَشُدُّ عَضُدَكَ بِاَخِيْكَ وَ
نَجْعَلُ لَكُمَا سُلْطٰنًا فَلَا يَصِلُوْنَ
اِلَيْكُمَا ۚۛ بِاٰيٰتِنَآ ۚۛ اَنْتُمَا وَمَنِ اتَّبَعَكُمَا
الْغٰلِبُوْنَ ۝٣٥

Ar. *dhèwèké*

36 Bareng Musa wis teka ing *panggonané* kalawan tandha-tandha-Ningsun kang terang, dhèwèké padha calathu: Iki ora liya kajaba kemayan gawé-gawéan, lan pra-

فَلَمَّا جَآءَهُمْ مُّوْسٰى بِاٰيٰتِنَا بَيِّنٰتٍ
قَالُوْا مَا هٰذَآ اِلَّا سِحْرٌ مُّفْتَرًى وَّمَا

1879. Terangipun: temah dhèwèké ora bakal bisa amitunani ing sira.

سَمِعْنَا بِهَٰذَا فِيٓ ءَابَآئِنَا ٱلْأَوَّلِينَ ٣٦

kara iki aku padha ora tau krungu ana ing bapak-bapakku biyèn.

وَقَالَ مُوسَىٰ رَبِّيٓ أَعْلَمُ بِمَن جَآءَ
بِٱلْهُدَىٰ مِنْ عِندِهِۦ وَمَن تَكُونُ
لَهُۥ عَٰقِبَةُ ٱلدَّارِ ۖ إِنَّهُۥ لَا
يُفْلِحُ ٱلظَّٰلِمُونَ ٣٧

37 Lan Musa calathu: Pangéran luwih udani marang sapa kang teka kalawan tuntunan saka ngarsa-Né lan sapa kang bakal andharbèni pungkas-pungkasaning padunungan; sayekti ora bakal beja wong kang padha atindak dudu iku.

وَقَالَ فِرْعَوْنُ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْمَلَأُ مَا
عَلِمْتُ لَكُم مِّنْ إِلَٰهٍ غَيْرِى ۖ فَأَوْقِدْ
لِى يَٰهَٰمَٰنُ عَلَى ٱلطِّينِ فَٱجْعَل لِّى صَرْحًا
لَّعَلِّىٓ أَطَّلِعُ إِلَىٰٓ إِلَٰهِ مُوسَىٰ وَإِنِّى
لَأَظُنُّهُۥ مِنَ ٱلْكَٰذِبِينَ ٣٨

38 Lan Fir'aun acalathu: É, para panggedhé! aku ora weruh sesembahan tumrap kowé kabèh saliyané aku; mulané, o, Haman! Aku *obongna bata*, banjur aku gawèkna panggung kang dhuwur, supaya aku bisa weruh marang Sesembahané Musa; lan sayekti, aku ngira, dhèwèké iku panunggalané wong kang padha goroh.[1880]

Ar. *urubna geni ing lebu*

وَٱسْتَكْبَرَ هُوَ وَجُنُودُهُۥ فِى ٱلْأَرْضِ
بِغَيْرِ ٱلْحَقِّ وَظَنُّوٓا۟ أَنَّهُمْ إِلَيْنَا
لَا يُرْجَعُونَ ٣٩

39 Lan dhèwèké gumedhé ana ing bumi kalawan ora bener, dhèwèké sawadyabalané, lan padha nyana, yèn awaké ora bakal dibalèkaké marang Ingsun.

فَأَخَذْنَٰهُ وَجُنُودَهُۥ فَنَبَذْنَٰهُمْ فِى ٱلْيَمِّ ۖ
فَٱنظُرْ كَيْفَ كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلظَّٰلِمِينَ ٤٠

40 Mulané dhèwèké sawadyabalané Ingsun pundhut banjur Ingsun kelem ing sagara; lah delengen, kapriyé wusanané kang padha atindak dudu.

وَجَعَلْنَٰهُمْ أَئِمَّةً يَدْعُونَ إِلَى ٱلنَّارِ ۖ
وَيَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ لَا يُنصَرُونَ ٤١

41 Lan dhèwèké padha Ingsun dadèkaké pangarep, kang angajak marang geni, lan ing dina kiyamat ora bakal padha tinulungan.[1881]

1880. Ing wontenipun Pangéraning langit-langit lan bumi, Fir'aun anggugujeng, sarta kalayan ngemu maksud nyanyamah Fir'aun dhawuh dhateng salah satunggaling nayakanipun supados nyudhiyakaken banon (awit inggih makaten punika kajengipun tembung *ngurubaken latu ing lebu* makaten) sarta ngadegaken panggung ingkang inggil, kanggé anginceng dhateng langit ngupadosi Pangéraning langit-langit lan bumi.

1881. Dados raja Fir'aun punika dipun anggé tuladha awon; para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci dipun pèpèngeti, samangsa sami napak tilas raja Fir'aun, mesthi inggib badhé manggih lalampahan saminipun ingkang dipun sandhang Fir'aun.

42 Lan ana ing donya iki, dhèwèké padha Ingsun lud kalawan la'nat, lan ing dina kiyamat bakal padha dadi panunggalané para kang *siningkiraké saka ing becik.*

وَأَتْبَعْنٰهُمْ فِيْ هٰذِهِ الدُّنْيَا لَعْنَةً ۚ وَ
يَوْمَ الْقِيٰمَةِ هُمْ مِّنَ الْمَقْبُوْحِيْنَ ﴿٤٢﴾

Ut. *anggilani*

RUKU' 5

Kanjeng Nabi kados Kanjeng Nabi Musa

43-46. Wedharing sabdanipun Allah sampun nyumerepaken rumiyin dhateng Kanjeng Nabi Musa bab badhé rawuhipun Kanjeng Nabi. 47-50. Kanjeng Nabi nyata rawuh saèstu.

43 Lan sayekti, temen Ingsun wus amaringi Kitab Musa ing sawisé Ingsun anglebur bangsa kang kuna-kuna, bukti-bukti terang sarta tuntunan tuwin wilasa tumrap para manusa, supaya dhèwèké padha élinga.

وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ مِنْۢ بَعْدِ
مَآ أَهْلَكْنَا الْقُرُوْنَ الْأُوْلٰى بَصَآئِرَ
لِلنَّاسِ وَهُدًى وَّرَحْمَةً لَّعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُوْنَ ﴿٤٣﴾

44 Lan sira ora ana ing sisih kulon nalikané Ingsun amedhar papakon marang Musa, lan sira ora kalebu panunggalané para kang neksèni;[1882]

وَمَا كُنْتَ بِجَانِبِ الْغَرْبِيِّ إِذْ قَضَيْنَآ
إِلٰى مُوْسَى الْأَمْرَ وَمَا كُنْتَ مِنَ الشّٰهِدِيْنَ ﴿٤٤﴾

45 Ananging Ingsun anuwuhaké bangsa-bangsa, banjur umur didawakaké tumrap dhèwèké; lan sira ora dudunung nunggal wong-wong Madiyan amacakaké timbalan-timbalan-Ingsun marang dhèwèké, ananging Ingsun kang utusan.

وَلٰكِنَّآ أَنْشَأْنَا قُرُوْنًا فَتَطَاوَلَ عَلَيْهِمُ
الْعُمُرُ ۚ وَمَا كُنْتَ ثَاوِيًا فِيْٓ أَهْلِ مَدْيَنَ
تَتْلُوْا عَلَيْهِمْ اٰيٰتِنَا ۙ وَلٰكِنَّا كُنَّا مُرْسِلِيْنَ ﴿٤٥﴾

46 Lan sira ora ana iring kénéné gunung nalikané Ingsun anguwuh, ananging (iki) wilasa saka Pangéranira, dimèn sira apépéling

وَمَا كُنْتَ بِجَانِبِ الطُّوْرِ إِذْ نَادَيْنَا
وَلٰكِنْ رَّحْمَةً مِّنْ رَّبِّكَ لِتُنْذِرَ قَوْمًا

1882. Manawi makaten, lah kados pundi déné Kanjeng Nabi Musa saged ngandikakaken kalayan terang gamblang ing bab badhé rawuhanipun Kanjeng Nabi Suci? Saupami botena lantaran saking wahyuning Pangéran, kaselak mokal Kanjeng Nabi Musa saged ngandikakaken kalayan cetha bab Kanjeng Nabi Suci, kalih éwonan taun ing sadèrèng ing miyosipun. Ukara *sira ora ana ing* .... dipun wongsal-wangsuli wonten ing ayat punika saha wonten ing ayat kakalih candhakipun, punika perlu kanggé ngatingalaken kalayan melok kelampahanipun saèstu wahananing piweca, tur ingkang kalayan cetha awéla-wéla, ngantos Kanjeng Nabi Musa kados déné ngandikakaken satunggaling tiyang ingkang nalika jaman samanten sampun wonten, dadosipun ngantos trawaca pamirsanipun.

marang bangsa, kang sadurungé sira ora ana juru-pépéling anekani dhèwèké, supaya dhèwèké padha élinga.[1883]

مَّآ أَتَىٰهُم مِّن نَّذِيرٍ مِّن قَبْلِكَ
لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ٤٦

47 Lan supaya – manawa ana babaya anekani dhèwèké amarga saka panggawéning tangané kang dhisik-dhisik – dhèwèké aja banjur padha calathu: Pangéran kawula! punapa déné Tuwan boten angintunaken utusan *mriki*, ingkang supados kawula lajeng sami miturut ing timbalan-timbalan Tuwan, saha sami dados panunggilanipun para ingkang sami angèstu!

Ar. *dhateng kawula*

وَلَوْلَآ أَن تُصِيبَهُم مُّصِيبَةٌۢ بِمَا قَدَّمَتْ
أَيْدِيهِمْ فَيَقُولُوا۟ رَبَّنَا لَوْلَآ أَرْسَلْتَ
إِلَيْنَا رَسُولًا فَنَتَّبِعَ ءَايَٰتِكَ وَنَكُونَ
مِنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ٤٧

48 Bareng kasunyatan saka ngarsa-Ningsun anekani dhèwèké, padha calathu: Yagéné dhèwèké ora diparingi padhané barang kang diparingaké Musa? Apa ta dhèwèké ora padha angafiri barang kang diparingaké Musa ing biyèn? Padha calathu: Kemayan loro bantu-binantu; sarta padha calathu: Sayekti, aku iki wong kang angafiri sakabèhé.[1884]

فَلَمَّا جَآءَهُمُ ٱلْحَقُّ مِنْ عِندِنَا قَالُوا۟
لَوْلَآ أُوتِىَ مِثْلَ مَآ أُوتِىَ مُوسَىٰٓ ۚ أَوَلَمْ
يَكْفُرُوا۟ بِمَآ أُوتِىَ مُوسَىٰ مِن قَبْلُ ۖ
قَالُوا۟ سِحْرَانِ تَظَٰهَرَا وَقَالُوٓا۟
إِنَّا بِكُلٍّ كَٰفِرُونَ ٤٨

1883. Ayat punika anggenahaken maksudipun ayat-ayat ingkang sampun, makaten terangipun: Sira ora ana ing kono, balik wilasaning Pangéran, kang maringaké piweca ing bab awakira ana ing lisané Musa. Bab punika sampun kacetha wonten ing dhawuh wilasa *saka Pangéranira. Dimèn sira apépéling* .... Bangsa ingkang dèrèng karawuhan juru-pépéling ing sadèrèng-sadèrèngipun, punika bangsa Arab. Kacundhukna kaliyan 32: 3, 36: 6.

1884. Para titiyang kafir anggènipun sami milawani ing Kanjeng Nabi Suci boten mawi waton satunggal-tunggala ingkang kekah lan gumathok. Milawani samangsa ingkang dipun anggé waton milawani kacihna lepatipun, piyambakipun lajeng malémbar ngupados gogondèlan sanès. Nalika Kanjeng Nabi rawuh, piyambakipun sami wicanten bilih kedahipun Kanjeng Nabi punika tampi wahyu kados ingkang katampi Kanjeng Nabi Musa. Nanging sareng sami dipun tedahi saminipun wahyu ingkang katampi ing Kanjeng Nabi lan ingkang katampi ing Kanjeng Nabi Musa, sarta sareng kadhawuhan bilih piyambakipun sami badhé nandhang nasib kados ingkang kasandhang dening para mengsahipun Kanjeng Nabi Musa, lah piyambakipun lajeng sami wicanten, bilih kakalihipun wau, inggih punika Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Muhammad- mugi-mugi rahayu saha nugrahanipun Allah tetepa ing panjenenganipun kakalih - punika sami tukang apus krama, damelanipun nyinthung ing tiyang kathah kalayan wicaranipun ingkang tètèh, satunggal lan satunggalipun tulung-tinulung, awit saking punika piyambakipun boten purun angèstu dhateng kalih-kalihipun wau.

49 Calathuné: Lah padha anekakna kitab (liyané) sawiji saka ngarsaning Allah, (sing dadi) tuntunan luwih becik tinimbang loro iku, (mengko) dak-turuté, manawa kowé iku padha temen.[1885]

قُلْ فَأْتُوا بِكِتَابٍ مِّنْ عِندِ اللَّهِ هُوَ أَهْدَىٰ مِنْهُمَا أَتَّبِعْهُ إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿٤٩﴾

Ar. *ing sira*

50 Ananging manawa dhèwèké ora padha nyembadani *panjalukira*, lah weruha, manawa dhèwèké iku mung padha miturut pépénginané kang asor baé; lan sapa kang luwih sasar tinimbang wong kang miturut pépénginané kang asor, kalawan tanpa tuntunan saka ing Allah, sayekti Allah iku ora nuntun para wong kang atindak dudu.

فَإِن لَّمْ يَسْتَجِيبُوا لَكَ فَاعْلَمْ أَنَّمَا يَتَّبِعُونَ أَهْوَاءَهُمْ ۚ وَمَنْ أَضَلُّ مِمَّنِ اتَّبَعَ هَوَاهُ بِغَيْرِ هُدًى مِّنَ اللَّهِ ۚ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ ﴿٥٠﴾

RUKU' 6

Kayektèning wahyuning Pangéran

51-53. Anetepaken sesambetanipun kaliyan wahyu ingkang rumiyin. 54-57. Para mukmin kedah sabar salebetipun kénging cobi. 58-60. Kitha ingkang sampun linebur suka pèpènget.

51 Lan sayekti, temen Ingsun wus andadèkaké Sabda iku akèh sasambungané tumrap marang dhèwèké, supaya dhèwèké padha éling.[1886]

وَلَقَدْ وَصَّلْنَا لَهُمُ الْقَوْلَ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ﴿٥١﴾

1885. Suraosipun: manawa kowé ora ngakoni ing kayektèning wahyu loro mau, lah mara aranana endi wahyu sing ana ing donya kene sing bisa aweh tatanan kanggo tuntunan sing luwih becik. Dhawuh pratélan makaten punika namung kanggé anedahaken, bilih wahyu ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa lan ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Suci, punika sami déné luhur lenggahipun manawi katandhing kaliyan wahyu sanès-sanèsipun ingkang pundi kémawon. Sarta menggah ing sajatos-jatosipun ingkang makaten punika pancèn nyata, awit ing antawisipun sadaya kitab suci ing jagad punika, Bébel punika lenggahipun dhumawah angka kalih ing sasampunipun Quran Suci. Nanging dhawuh punika boten ateges, bilih Bébel punika lenggahipun sami kaliyan Quran Suci. Sapinten aosipun, mirsanana 697, 703. Kula aturi mirsani ugi 152.

1886. *Fi'il* (tembung kriya), punika manawi nganggé rimbag *fa'ala*, mengku teges ingkang dipun sangetaken (*mubâlagah*) utawi teges ingkang langkung jembar (*taksîr*). Awit saking punika dados *washshala* punika ateges banget anggoné nyambung utawi *anggathukaké* utawi *gawé* (tali) *akèh sambungané* (TA-LL). Déné maksudipun, dhawuhipun Allah kados ingkang kamot wonten ing Quran, punika kadamel kathah bab-ipun ingkang sasambetan kaliyan wahyu kitab ingkang sampun-sampun, supados tiyang langkung gampil dipun èngetaken ing kayektènipun. Nadvan silih tiyang punika botena sami iman pisan dhateng wahyu ingkang sampun-sampun, saminipun piwulanging nabi kakalih ingkang

52 (Wondéné) para kang wus padha Ingsun paringi kitab sadurungé iku, marang iku dhèwèké padha angèstu.[1887]

اَلَّذِيْنَ اٰتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلِهٖ هُمْ بِهٖ يُؤْمِنُوْنَ ﴿٥٢﴾

53 Lan nalika dhèwèké padha diwacakaké iku, padha calathu: Aku padha angèstu marang iku; temen iku kasunyatan saka Pangéranku; sayekti, aku iki, sadurungé iku, padha wong kang sumarah.

وَاِذَا يُتْلٰى عَلَيْهِمْ قَالُوْٓا اٰمَنَّا بِهٖٓ اِنَّهُ الْحَقُّ مِنْ رَّبِّنَآ اِنَّا كُنَّا مِنْ قَبْلِهٖ مُسْلِمِيْنَ ﴿٥٣﴾

Ar. *ganjarané*

54 Iki wong kang bakal pinaringan *ganjaran* ambal pindho, amarga saka anggoné padha kukuh sarta anulak ala kalawan becik apa déné amèwèhaké barang paparing-Ingsun.[1888]

اُولٰٓئِكَ يُؤْتَوْنَ اَجْرَهُمْ مَّرَّتَيْنِ بِمَا صَبَرُوْا وَيَدْرَءُوْنَ بِالْحَسَنَةِ السَّيِّئَةَ وَمِمَّا رَزَقْنٰهُمْ يُنْفِقُوْنَ ﴿٥٤﴾

55 Lan samangsa padha ngrungu catur lalahan, padha méngo saka ing kono sarta calathu: Aku bakal padha olèh panggawéku lan kowé bakal olèh panggawému;

وَاِذَا سَمِعُوا اللَّغْوَ اَعْرَضُوْا عَنْهُ وَقَالُوْا لَنَآ اَعْمَالُنَا وَلَكُمْ اَعْمَالُكُمْ

rawuhipun sampun dangu sanget, ingkang béda babar pisan umatipun tur babar pisan béda kawontenaning jamanipun, punapa déné kelampahanipun wahananing piweca ingkang kawecakaken nabi ingkang satunggal wonten ing sariranipun nabi satunggalipun, punika sadaya -meksa saged suka bukti ingkang ambabar pisani, ingkang nelakaken ing kayektèning nabi kakalih wau. Kados déné ingkang sampun katerangaken ing nginggil, ingkang dipun karsakaken ing ngriki, punika sasambetanipun kaliyan wahyu ingkang sampun-sampun. Ingkang makaten punika ugi kacetha saking ayat candhakipun, ingkang kalayan tembung ingkang terang gamblang mangandikakaken tiyang ingkang sampun sami kaparingan Kitab.

1887. Ingkang makaten punika boten ateges bilih sadaya ingkang sampun naté kaparingan kitab suci angèstu dhateng Quran. Ayat punika namung amèngetaken wutah gumelaring kanyataan, bilih sadaya kémawon mesthi iman dhateng kayektèning wahyu saking Allah, sarta boten badhé maiben ing sasambetanipun wahyu kakalih wau, boten maiben ing kayektèning piwulang-piwulang ingkang mongka tatales saha boten maiben kanyataanipun saèstu wahananing piweca-piweca. Nanging, kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat sambetipun, ngemungaken tiyang ingkang sampun sumarah saèstu dhateng Allah kémawon, ingkang purun angèstu.

1888. Punika boten ateges bilih tiyang ingkang angèstu dhateng kitab suci ingkang sampun-sampun, sarta ingkang ing sapunikanipun lajeng angèstu dhateng Kanjeng Nabi Suci, punika badhé angsal ganjaran ambal kaping kalih margi saking lekasipun wau. Déné ingkang murugaken angsal ganjaran ambal kaping kalih (ingkang boten sanès tegesipun ganjaran ingkang langkung ageng) punika kadhawuhaken makaten: *amarga saka anggoné padha kukuh sarta anulak ala kalawan becik apa déné amèwèhaké barang paparing-Ingsun.* Piyambakipun sami nandhang panganiaya, suprandéné tetep sabar (kekah, santosa) salebetipun nandhang cobi ingkang ageng wau; boten namung samanten kémawon, nanging malah males saé dhateng piawonipun tiyang ingkang nganiaya dhateng piyambakipun wau, kawimbuhan malih piyambakipun purun kurban ageng-agengan kanggé nglabuhi pakaryanipun yakti. Mirsanana ugi 1987 ingkang kanggé nafsiri dhawuh ing 33: 31 tuwin 2458.

rahayu tumibaa marang kowé, aku ora padha mamrih para wong bodho.

سَلَٰمٌ عَلَيْكُمْ لَا نَبْتَغِى ٱلْجَٰهِلِينَ ﴿٥٥﴾

56 Sayekti sira iku ora bisa nuntun wong kang sira tresnani, ananging Allah nuntun sapa kang dikarsakaké, lan Panjenenganè iku luwih Ngudanèni marang kang padha miturut ing *dalan kang bener*.[1889]

Ar. *tuntunan*

إِنَّكَ لَا تَهْدِى مَنْ أَحْبَبْتَ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ يَهْدِى مَن يَشَآءُ ۚ وَهُوَ أَعْلَمُ بِٱلْمُهْتَدِينَ ﴿٥٦﴾

57 Lan dhèwèké padha calathu: Manawa aku padha miturut tuntunan anyartani kowé, bakal dicuthat saka ing bumiku. Apa Ingsun ora wus angenggonaké-tetep dhèwèké ing tanah kang suci, slamet, sawarnané wowohan padha ditekakaké mrono minangka rijeki saka ngarsa-Ningsun? Ananging dhèwèké sing akèh padha ora weruh.[1890]

وَقَالُوٓا۟ إِن نَّتَّبِعِ ٱلْهُدَىٰ مَعَكَ نُتَخَطَّفْ مِنْ أَرْضِنَآ ۚ أَوَلَمْ نُمَكِّن لَّهُمْ حَرَمًا ءَامِنًا يُجْبَىٰٓ إِلَيْهِ ثَمَرَٰتُ كُلِّ شَىْءٍ رِّزْقًا مِّن لَّدُنَّا وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٥٧﴾

58 Lan wis pira baé kutha kang mubra-mubru panguripané kang wus Ingsun lebur; lah iki padunungané: ing sapungkuré ora didunungi, kajaba sadhéla, lan Ingsun kang dadi waris.[1891]

وَكَمْ أَهْلَكْنَا مِن قَرْيَةٍۭ بَطِرَتْ مَعِيشَتَهَا ۖ فَتِلْكَ مَسَٰكِنُهُمْ لَمْ تُسْكَن مِّنۢ بَعْدِهِمْ إِلَّا قَلِيلًا ۖ وَكُنَّا نَحْنُ ٱلْوَٰرِثِينَ ﴿٥٨﴾

1889. Kacariyos nalika Bagéndha Abu Thalib (ingkang paman Kanjeng Nabi) sampun andungkap badhé séda, Kanjeng Nabi ngaturi panjenenganipun supados angèstu dhateng Kasawijènipun Pangéran. Abu Jahal, ingkang nalika ing wekdal wau ugi wonten ing ngriku, ngayani sampun mituruti karsanipun Kanjeng Nabi wau, wicantenipun: Sampun ngantos nilar agamining luluhuripun. Bagénda Abu Thalib dumugining séda tetep dados tiyang kafir. Dhawuh ingkang mungel *sira iku ora bisa nuntun wong kang sira tresnani*, punika dados panglipur tumrap Kanjeng Nabi (Bkh).

1890. Langkung rumiyin ayat punika mangandikakaken kuwatosipun ingkang atanpa waton para titiyang ingkang anggadhahi panganggep, bilih ringkihipun para Muslimin punika mesthi badhé mahanani para ingkang purun ngrasuk agami Islam dipun cepeng, dipun pejahi, utawi dipun sébrataken. Minangka wangsulan para titiyang wau sami kadhawahan bilih piweca-piweca ingkang angundhangaken bilih nagari Makkah badhé dados tanah suci ingkang aman, ingkang dados luruganipun titiyang kathah ing sadaya jaman, punika mesthi badhé kelampahan saèstu, sarta ing wasananipun nagari Makkah mesthi kadarbé ing para Muslimin, ingkang inggih akarana punika déné piweca-piweca wau kadhawuhaken.

1891. Terangipun, nadyan ing sapunika ugi karatoning Pangéran mesthi badhé dipun jumenengaken, sarta para angèstu ing Allah ingkang sajati mesthi badhé dipun dadosaken gustinipun nagari wau.

Ar. *nganti*

Ar. *ibuné*

59 Lan ora tau Pangéranira anglebur kutha-kutha, *kajaba yèn* wis anjumenengaké utusan ing *kuthané karajan*, amacakaké timbalan-timbalan-Ingsun marang dhèwèké; lah ora tau Ingsun anglebur kutha-kutha kajaba manawa wong-wongé padha atindak dudu.

وَمَا كَانَ رَبُّكَ مُهْلِكَ الْقُرٰى حَتّٰى
يَبْعَثَ فِيْٓ اُمِّهَا رَسُوْلًا يَّتْلُوْا عَلَيْهِمْ
اٰيٰتِنَا ۚ وَمَا كُنَّا مُهْلِكِى الْقُرٰٓى
اِلَّا وَاَهْلُهَا ظٰلِمُوْنَ ﴿٥٩﴾

60 Lah sabarang apa baé kang kaparingaké marang sira lah iku mung pasadhiyan kauripan donya sarta papaèsé, lan barang kang ana ing ngarsaning Allah iku luwih becik lan luwih lestari; lah apa kowé ora ngerti?

وَمَآ اُوْتِيْتُمْ مِّنْ شَيْءٍ فَمَتَاعُ الْحَيٰوةِ
الدُّنْيَا وَزِيْنَتُهَا ۚ وَمَا عِنْدَ اللّٰهِ خَيْرٌ
وَّاَبْقٰى ۗ اَفَلَا تَعْقِلُوْنَ ﴿٦٠﴾

RUKU' 7

Ingkang sami milawani badhé dipun asoraken

61-66. Para panuntun nilar pandhèrèkipun. 67-73. Kawasa lan ngilmu punika kagunganipun Allah. 74, 75. Ingkang milawani sami nglenggana dhateng apesipun.

61 Lah wong kang Ingsun janjèni janji kang becik, kang sabanjuré bakal tinemu (nyata), iku apa padha karo kang Ingsun sadhiyani pasadhiyan kauripan donya, kang sabanjuré ing dina kiyamat dhèwèké bakal dadi panunggalané para kang diimpun (perlu anampani pidana)?[1892]

اَفَمَنْ وَّعَدْنٰهُ وَعْدًا حَسَنًا فَهُوَ
لَاقِيْهِ كَمَنْ مَّتَّعْنٰهُ مَتَاعَ الْحَيٰوةِ
الدُّنْيَا ثُمَّ هُوَ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ مِنَ الْمُحْضَرِيْنَ ﴿٦١﴾

62 Lan ing dinané Panjenengané bakal animbali dhèwèké banjur ngandika: Endi kang padha sira anggep sakuthu-Ningsun?

وَيَوْمَ يُنَادِيْهِمْ فَيَقُوْلُ اَيْنَ شُرَكَآءِيَ
الَّذِيْنَ كُنْتُمْ تَزْعُمُوْنَ ﴿٦٢﴾

Ar. *sabda nyata ing-atasé dhè-wèké*

63 Para kang *ditibani pancasan kang wis tetep*, munjuk: Pangéran kawula! punika para ingkang sami kawula sasaraken; anggèn kawula nasaraken piyambakipun kados

قَالَ الَّذِيْنَ حَقَّ عَلَيْهِمُ الْقَوْلُ رَبَّنَا
هٰٓؤُلَآءِ الَّذِيْنَ اَغْوَيْنَا ۚ اَغْوَيْنٰهُمْ كَمَا

1892. Wonten tiyang kalih pantha ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika (1). Kanjeng Nabi lan para pandhèrèkipun, inggih punika ingkang sami nampèni janji saé saking Allah, nadyan ing wekdal wau ringkih saha kinaniaya: (2). golonganipun mengsah ingkang kiyat, ingkang

sasar kawula piyambak; (unjuk kawula) ing Tuwan, kawula sampun *lebaran* (kaliyan piyambakipun); boten naté piyambakipun sami manembah dhateng kawula.[1893]

Ut. *wisuh*

غَوَيْنَا ۚ تَبَرَّأْنَا إِلَيْكَ ۖ مَا كَانُوا إِيَّانَا يَعْبُدُونَ ﴿٦٣﴾

64 Lan bakal dipangandikani: Padha nguwuha sesembahan sekuthonmu. Banjur padha anguwuh dhèwèké, ananging ora bakal padha diwangsuli, sarta bakal andeleng siksa; o, upama ta dhèwèké padha nuruta dalan kang bener!

وَقِيلَ ادْعُوا شُرَكَاءَكُمْ فَدَعَوْهُمْ فَلَمْ يَسْتَجِيبُوا لَهُمْ وَرَأَوُا الْعَذَابَ ۚ لَوْ أَنَّهُمْ كَانُوا يَهْتَدُونَ ﴿٦٤﴾

65 Lan ing dinané Panjenengané bakal animbali dhèwèké, banjur angandika: Kapriyé anggonmu mangsuli para utusan?

وَيَوْمَ يُنَادِيهِمْ فَيَقُولُ مَاذَا أَجَبْتُمُ الْمُرْسَلِينَ ﴿٦٥﴾

66 Tumuli ing dina iku katerangané kang angènthèngaké kaluputané dadi peteng tumrap dhèwèké kabèh, sabanjuré bakal padha ora takon-tinakon.[1894]

فَعَمِيَتْ عَلَيْهِمُ الْأَنْبَاءُ يَوْمَئِذٍ فَهُمْ لَا يَتَسَاءَلُونَ ﴿٦٦﴾

67 Wondéné wong kang tobat sarta angèstu, lan anglakoni panggawé becik, lah *iku* bisa uga bakal dadi panunggalané para wong begja.

فَأَمَّا مَنْ تَابَ وَآمَنَ وَعَمِلَ صَالِحًا فَعَسَىٰ أَنْ يَكُونَ مِنَ الْمُفْلِحِينَ ﴿٦٧﴾

68 Lan Pangéranira iku anitahaké sarta milih apa kang dadi karsa-Né; pamilih iku ora dumunung ing dhèwèké; Mahasuci Allah iku lan Mahaluhur saking barang kang disakuthokaké (karo Panjenengané).

وَرَبُّكَ يَخْلُقُ مَا يَشَاءُ وَيَخْتَارُ ۗ مَا كَانَ لَهُمُ الْخِيَرَةُ ۚ سُبْحَانَ اللَّهِ وَتَعَالَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٦٨﴾

abandha-abandhu, nanging ingkang ing satunggaling dinten mengsah badhé dipun impun perlu nampèni pancasan.

1893. Sadaya para mufassir sami sarujuk, bilih *kang ditibani pancasan kang wis tetep punika para panuntuning kakafiran* (JB, Kf). Dados anggènipun sami wicanten *piyambakipun boten naté sami ngabdi utawi manembah dhateng kawula*, punika anedahaken bilih inggih para panuntun punika, ingkang kapangandikakaken dados sesembahan ingkang dipun sembah déning para pandhèrèkipun.

1894. Piyambakipun badhé boten saged damel pawadan, jalaran gorohipun pawadan palsu, ingkang wonten ing ngriki saged damel pamaremipun, ing bénjingipun badhé dados cetha pratéla tumrap

69 Lan Pangéranira iku angudanèni apa kang disingidaké déning dhadha-dhadhané lan apa kang digelar.

وَرَبُّكَ يَعْلَمُ مَا تُكِنُّ صُدُوْرُهُمْ
وَمَا يُعْلِنُوْنَ ﴿٦٩﴾

70 Lan Panjenengané iku Allah; ora ana sesembahan kajaba Panjenengané! Kagungané Panjenengané sakèhing pangalembana iku, ing donya (iki) lan (ing) akhirat, sarta kagungané Panjenengané pancasan iku, tuwin marang Panjenengané anggonira bakal dibalèkaké.

وَهُوَ اللّٰهُ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۗ لَهُ الْحَمْدُ
فِى الْاُوْلٰى وَالْاٰخِرَةِ ۖ وَلَهُ الْحُكْمُ
وَاِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ﴿٧٠﴾

71 Calathua: Mara wangsulana, manawa Allah andadèkaké wengi ingatasé kowé kabèh terus tanpa pedhot tumeka dina kiyamat, sapa sesembahan saliyané Allah kang bakal bisa anekakaké padhang marang kowé? Lah apa kowé padha ora krungu?

قُلْ اَرَءَيْتُمْ اِنْ جَعَلَ اللّٰهُ عَلَيْكُمُ
الَّيْلَ سَرْمَدًا اِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ مَنْ
اِلٰهٌ غَيْرُ اللّٰهِ يَأْتِيْكُمْ بِضِيَآءٍ ۗ
اَفَلَا تَسْمَعُوْنَ ﴿٧١﴾

72 Calathua: Mara wangsulana, manawa Allah andadèkaké raina ingatasé kowé kabèh terus tanpa pedhot tumeka dina kiyamat, sapa sesembahan saliyané Allah kang bakal bisa anekakaké wengi marang kowé, kang ing kono kowé padha bisa ngaso? Lah apa kowé padha ora andeleng?

قُلْ اَرَءَيْتُمْ اِنْ جَعَلَ اللّٰهُ عَلَيْكُمُ
النَّهَارَ سَرْمَدًا اِلٰى يَوْمِ الْقِيٰمَةِ مَنْ
اِلٰهٌ غَيْرُ اللّٰهِ يَأْتِيْكُمْ بِلَيْلٍ تَسْكُنُوْنَ
فِيْهِ ۗ اَفَلَا تُبْصِرُوْنَ ﴿٧٢﴾

73 Lan amarga saka wilasa-Né, Panjenengané wus andadèkaké wengi lan raina, supaya ing kono padha bisa ngaso lan supaya kowé padha bisa ngupaya lubèring paparing-É, sarta supaya kowé atur panuwun.

وَمِنْ رَّحْمَتِهٖ جَعَلَ لَكُمُ الَّيْلَ
وَالنَّهَارَ لِتَسْكُنُوْا فِيْهِ وَلِتَبْتَغُوْا
مِنْ فَضْلِهٖ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ﴿٧٣﴾

dhateng piyambakipun. Makaten ugi piyambakipun boten badhé takèn-tinakèn, jalaran satunggal-satunggalipun badhé sami sumerep palsuning pawadanipun tiyang sanès.

74 Lan ing dinané Panjenengané animbali dhèwèké, banjur ngandika: Endi kang padha koanggep sakuthu-Ningsun.

وَيَوْمَ يُنَادِيهِمْ فَيَقُولُ أَيْنَ شُرَكَائِيَ
الَّذِينَ كُنْتُمْ تَزْعُمُونَ ﴿٧٤﴾

75 Lan saka sisji-sijining umat Ingsun bakal mundhut saksi siji, banjur Ingsun ngandika: Padha tekakna buktinira; dhèwèké banjur bakal padha weruh, yèn kasunyatan iku kagungané Allah, sarta barang anggit-anggitané dhéwé
Ar. *dhèwèké* bakal padha sirna saka ing *kono*.

وَنَزَعْنَا مِنْ كُلِّ أُمَّةٍ شَهِيدًا فَقُلْنَا
هَاتُوا بُرْهَانَكُمْ فَعَلِمُوا أَنَّ الْحَقَّ لِلَّهِ
وَضَلَّ عَنْهُمْ مَا كَانُوا يَفْتَرُونَ ﴿٧٥﴾

RUKU' 8

Qarun, bandhanipun andawahaken awakipun piyambak ing karisakan

76-80. Qarun mirong lumawan Kanjeng Nabi Musa sarta angandel-andelaken kasugihan. 81, 81. Remukipun.

76 Sayekti, Qarun iku panunggalané kaumé Musa, ananging
Ut. *baléla* *mirong* lumawan dhèwèké, lan wus Ingsun paringi kasugihan sapirang-pirang, nganti tumpukaning bandhané masthi bisa mlenetaké wong sagrombol kang padha rosa-rosa. Nalika kaumé calathu marang dhèwèké: Aja kowé bungah-bungah, sayekti Allah iku ora remen marang kang padha abungah-bungah:[1895]

إِنَّ قَارُونَ كَانَ مِنْ قَوْمِ مُوسَىٰ فَبَغَىٰ
عَلَيْهِمْ ۖ وَآتَيْنَاهُ مِنَ الْكُنُوزِ مَا إِنَّ
مَفَاتِحَهُ لَتَنُوءُ بِالْعُصْبَةِ أُولِي الْقُوَّةِ
إِذْ قَالَ لَهُ قَوْمُهُ لَا تَفْرَحْ ۖ إِنَّ
اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْفَرِحِينَ ﴿٧٦﴾

1895. Cariyos lalampahanipun *Qarun* utawi *Korah*, anggènipun ambaléla dhateng panuntunipun, Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Harun, sarta anggènipun dipun untal bumi, kaandharaken wonten ing Wilangan 16. Cariyos ing Quran mawi nyebutaken prakawis ingkang radi wigatos, ingkang boten kasebutakan ing Bébel, inggih punika bab bandhanipun Qarun. Bab prakawis bandhanipun Qarun punika gelar yekti ingkang ugi kasebut wonten ing kitab-kitab Yahudi (*Yewish En*.). Miturut kitab-kitab Yahudi wau, sampun misuwur bandhanipun Qarun, punika kathah sanget, ngantos kuncining gedhong-gedhongipun kémawon sampun wonten tigang atus momotan kimar. Tembung *mafâtih* kados ingkang kasebut ing Quran punika *jama'*-ipun tembung *maftah*, ingkang tegesipun bandha ingkang tanpa wicalan kathahipun utawi bandha *simpenan* utawi *bandha pinendhem* (TA-LL). *Mafâtih* ugi dados *jama'*-ipun tembung *maftah*, tegesipun kunci; nanging rèhning tembung *kunuz* (tegesipun *kasugihan mufrad-Ipun: kanza*) punika tembung *jama',* milanipun *dlamir* (tembung purusa) ingkang wonten ing *mafâtiha-hu,* punika boten wangsul dhateng *kunuz,* nanging dhateng Qarun; awit saking punika *mafâtîh* wau ateges *tumpukaning bandha*.

وَابْتَغِ فِيْمَآ اٰتٰىكَ اللّٰهُ الدَّارَ الْاٰخِرَةَ
وَلَا تَنْسَ نَصِيْبَكَ مِنَ الدُّنْيَا وَ
اَحْسِنْ كَمَآ اَحْسَنَ اللّٰهُ اِلَيْكَ وَلَا تَبْغِ
الْفَسَادَ فِى الْاَرْضِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ لَا
يُحِبُّ الْمُفْسِدِيْنَ ۝٧٧

77 Lan ngupayaa padunungan akhirat asarana paparinging Allah marang kowé sarta aja nglalèkaké bagéanmu prakara donya, tuwin agawéa becik (ing liyan) kaya anggoné Allah agawé becik marang kowé, apa déné aja dhemen agawé wisuna ing bumi: sayekti Allah iku ora remen marang kang padha agawé wisuna.

قَالَ اِنَّمَآ اُوْتِيْتُهٗ عَلٰى عِلْمٍ عِنْدِيْ ۗ
اَوَلَمْ يَعْلَمْ اَنَّ اللّٰهَ قَدْ اَهْلَكَ مِنْ
قَبْلِهٖ مِنَ الْقُرُوْنِ مَنْ هُوَ اَشَدُّ مِنْهُ
قُوَّةً وَّاَكْثَرُ جَمْعًا ۗ وَلَا يُسْـَٔلُ
عَنْ ذُنُوْبِهِمُ الْمُجْرِمُوْنَ ۝٧٨

78 Calathuné: Olèhku diparingi iki, iku mung marga saka olèhku duwé kawruh. Apa dhèwèké ora weruh, yèn Allah iku, ing sadurungé dhèwèké temen wis anglebur bangsa-bangsa, kang luwih prakasa tinimbang dhèwèké ing dalem karosan sarta luwih akèh ing dalem kalumpuking (bandha)? Lan para wong dosa iku ora bakal ditakoni dosané.[1896]

فَخَرَجَ عَلٰى قَوْمِهٖ فِيْ زِيْنَتِهٖ ۗ قَالَ
الَّذِيْنَ يُرِيْدُوْنَ الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا يٰلَيْتَ
لَنَا مِثْلَ مَآ اُوْتِيَ قَارُوْنُ ۙ اِنَّهٗ
لَذُوْ حَظٍّ عَظِيْمٍ ۝٧٩

79 Tumuli dhèwèké metu marang kaumé linimput ing papaèsé. Para kang padha kapéngin kauripan donya acalathu: O, mbok aku iki duwé padhané kang diparingaké Qarun! Sayekti, dhèwèké iku duwé kabegjan gedhé temenan.

وَقَالَ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْعِلْمَ وَيْلَكُمْ
ثَوَابُ اللّٰهِ خَيْرٌ لِّمَنْ اٰمَنَ وَعَمِلَ
صَالِحًا ۚ وَلَا يُلَقّٰىهَآ اِلَّا الصّٰبِرُوْنَ ۝٨٠

80 Lan para kang padha kaparingan ngilmu acalathu: Cilaka kowé! ganjaraning Allah iku luwih becik tumrapé wong kang angèstu lan anglakoni panggawé becik, lan ora ana kang éntuk iku kajaba para kang padha sabar.

فَخَسَفْنَا بِهٖ وَبِدَارِهِ الْاَرْضَ ۗ
فَمَا كَانَ لَهٗ مِنْ فِئَةٍ يَّنْصُرُوْنَهٗ

81 Mulané Ingsun angarsakaké bumi anguntal dhèwèké dalah padunungané; lan dhèwèké ora duwé papanthan kang mitulungi

1896. Titiyang dosa boten badhé dipun dhawuhi ngandharaken larah-larahipun déné ngantos nglampahi dosa, awit Allah punika Mahawikan.

awaké lumawan Allah, sarta dhèwèké ora kalebu panunggalané para kang bisa anulungi awaké dhéwé.[1897]

مِنْ دُونِ اللَّهِ وَمَا كَانَ مِنَ
الْمُنْتَصِرِينَ ﴿٨١﴾

Ar. *panggonané*

82 Lan para kang dhèk winginé padha kapéngin *kaya dhèwèké wiwit* padha calathu: Ah! (weruha), yèn Allah iku anjembarakè lan anyumpi rijeki marang para kawula-Né; manawa Allah ora welas marang aku, amasthi Panjenengané angasorakè aku; ah! (weruha), yèn ora bakal beja wong kang padha ora weruh ing panarima iku.

وَأَصْبَحَ الَّذِينَ تَمَنَّوْا مَكَانَهُ
بِالْأَمْسِ يَقُولُونَ وَيْكَأَنَّ اللَّهَ
يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَنْ يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ
وَيَقْدِرُ لَوْلَا أَنْ مَنَّ اللَّهُ عَلَيْنَا لَخَسَفَ
بِنَا وَيْكَأَنَّهُ لَا يُفْلِحُ الْكَافِرُونَ ﴿٨٢﴾

RUKU' 9

Menangé ingkang wekasan Kanjeng Nabi

83, 84. Tiyang andhap-asor badhé menang. 85. Makkah badhé dhumawah ing astanipun Kanjeng Nabi. 86-88. Kanjeng Nabi kedah tetep santosa.

83 (Ana déné) padunungan akhirat iku, iku Ingsun dadèkaké bagéané para kang ora padha kumudu luhur ing bumi sarta ora agawé wisuna; lan kawusanan kang becik iku tumrap para kang anjaga dhiriné (saka ing ala).

تِلْكَ الدَّارُ الْآخِرَةُ نَجْعَلُهَا لِلَّذِينَ
لَا يُرِيدُونَ عُلُوًّا فِي الْأَرْضِ وَلَا
فَسَادًا وَالْعَاقِبَةُ لِلْمُتَّقِينَ ﴿٨٣﴾

Ar. *dhèwèké*

84 Sapa sing anggawa kabecikan *iku* bakal olèh kang luwih becik tinimbang iku, lan sapa sing anggawa ala – lah para kang padha anglakoni panggawé ala, ora bakal winales kajaba apa kang wus padha dilakoni.

مَنْ جَاءَ بِالْحَسَنَةِ فَلَهُ خَيْرٌ مِنْهَا وَمَنْ
جَاءَ بِالسَّيِّئَةِ فَلَا يُجْزَى الَّذِينَ عَمِلُوا
السَّيِّئَاتِ إِلَّا مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٨٤﴾

85 Sayekti, Panjenengané, Kang wus amajibaké Quran ing atasé sira, iku amasthi bakal ambalèkaké sira marang panggonan kang wus tinamtu.[1898] Calathua: Pangéranku

إِنَّ الَّذِي فَرَضَ عَلَيْكَ الْقُرْآنَ
لَرَادُّكَ إِلَىٰ مَعَادٍ قُلْ رَبِّي أَعْلَمُ

1897. Suraosipun: piyambakipun lebur. *Khasf* ugi ateges *nginakaken* (adamel inanipun) tiyang sanès utawi *ngasoraken;* manawi makaten tembungipun kriya *Khasafa* (LL awawaton Ham, Q, tuwin

1898. *Mirsanana kaca candhakipun.*

مَنْ جَآءَ بِالْهُدٰى وَمَنْ هُوَ فِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ﴿٨٥﴾

luwih udani, sapa sing anggawa tuntunan lan sapa sing dumunung ing sasar kang tétéla.

وَمَا كُنْتَ تَرْجُوْٓا اَنْ يُّلْقٰٓى اِلَيْكَ الْكِتٰبُ اِلَّا رَحْمَةً مِّنْ رَّبِّكَ فَلَا تَكُوْنَنَّ ظَهِيْرًا لِّلْكٰفِرِيْنَ ﴿٨٦﴾

86 Sira ora angarep-arep supaya Kitab iku winisikaké marang sira, ananging iku wilasa saka Pangéranira; mulané aja sira dadi panulung tumrap para kafir.

وَلَا يَصُدُّنَّكَ عَنْ اٰيٰتِ اللّٰهِ بَعْدَ اِذْ اُنْزِلَتْ اِلَيْكَ وَادْعُ اِلٰى رَبِّكَ وَلَا تَكُوْنَنَّ مِنَ الْمُشْرِكِيْنَ ﴿٨٧﴾

87 Lan aja nganti dhèwèké angéngokaké sira saka timbalan-timbalan-Ingsun, ing sawisé iku diturunaké marang sira, sarta ajak-ajaka (uwong) marang Pangéranira, lah aja sira dadi panunggalané wong kang padha manembah pangéran akèh.

وَلَا تَدْعُ مَعَ اللّٰهِ اِلٰهًا اٰخَرَ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ كُلُّ شَيْءٍ هَالِكٌ اِلَّا وَجْهَهٗ لَهُ الْحُكْمُ وَاِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ﴿٨٨﴾

88 Lan aja sira anguwuh sesembahan liya anyartani Allah; ora ana sesembahan kajaba Panjenenganè; sarupané barang iku bakal lebur, kajaba *Panjenengané*, pancasan iku *ana ing asta-Né* sarta marang Panjenengané anggonira bakal dibalèkaké.[1899]

Ar. *wadana-Né*
Ar. *kagu-ngan-É*

TA), Teges punika kula anggé anjarwani لخسف بنا ing ayat candhakipun.

1898. Tembung *ma'âd* tegesipun *panggènaning wangsul* utawi *panggènan ingkang dipun wangsuli (*inggih punika saking tembung *'ada*, jawinipun bali) (LL). Tembung *ma'ad* ing لرادك الى معاد punika ingkang sampun-sampun dipun suraos mengku teges nagari *Makkah*, miturut anggènipun nyuraos I'Ab, sarta TA inggih nganggèkaken panyuraos punika, jalaran bedhahipun nagari Makkah punika sampun kajanjèkaken dhateng Kanjeng Nabi, dadosipun inggih dhateng nagari Makkah ngriku badhé wangsulipun Kanjeng Nabi. Anggènipun mastani sababipun mila nagari Makkah winastan *ma'ad*, sanès malih; inggih punika margi titiyang ingkang sami jiyarah haji wangsul mriku (LL.). Miturut sawenèh ayat punika katurunakcn nalika Kanjeng Nabi bidhal saking Makkah, inggih punika nalika salebetipun tindak dhateng Madinah. Saboten-botenipun ayat punika isi piweca ingkang terang, bab anggènipun Kanjeng Nabi badhé kawangsulaken dhateng nagari Makkah.

1899. Rèhning Kanjeng Nabi makaten tiyang ingkang nampèni wahyu ingkang ngemot dhawuh kados ingkang wonten ing ayat punika saha ayat ing sadèrèng ipun, milanipun menggah ing sajatos jatosipun dhawuh-dhawuh wau suka gagambaran dhateng kula sami bab panggalihanipun Kanjeng Nabi. Saking dhawuh-dhawuh bangsanipun ingkang kados makaten punika, sok wonten tiyang ingkang lajeng damel pupuntoning pamanggih, bilih panggalihipun Kanjeng Nabi punika tumiyung dhateng kamusrikan (mangéran kathah). Nanging ngemungaken gagasan ingkang boten tumata kémawon, ingkang saged damel pupuntoning pamanggih makaten wau. Kosokwangsulipun, dhawuh-dhawuh punika boten anedahaken tumiyunging panggalih kados makaten wau, nanging malah anedahaken bilih panggalihipun Kanjeng Nabi punika suci mulus saking prakawis bangsanipun ingkang makaten wau.

آياتها ٦٩ (٢٩) سورة العنكبوت مكية ركوعاتها ٧

SURAT 29

AL-‘ANKABÛT

(*Kemlandhingan*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*7 ruku’, 69 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’	1.	Cobi punika murugaken suci.
Ruku’	2, 3.	Lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh, Ibrahim, tuwin Luth.
Ruku’	4.	Ringkihipun iman palsu: kaca benggala saking pandumipun bangsa-bangsa ing kina-kina.
Ruku’	5.	Quran Suci punika anucèkaken
Ruku’	6.	Para kafir dipun pèpèngeti, para angèstu dipun lipur.
Ruku’	7.	Menangipun para mukmin.

Namanipun, gathuking suraosipun, tuwin titimangsaning tumurunipun

Surat punika dipun namakaken *Kemlandhingan,* margi wonten ing surat punika pangandel kabrahalan lan kamusrikan punika dipun samèkaken kaliyan lamating kemlandhingan. *Lan sayekti ringkih-ringkihing omah iku omah kemlandhingan* (ayat 41). Suraosipun sampun terang: iman palsu mesthi boten kiyatipun tinodhi ing wekdal, sarta mesthi badhé larut déning ilining yakti ingkang santer. Surat punika tuwin surat titiga sambetipun, punika dados sagolongan malih saking éwoning wahyu Makkiyah, satunggal-satunggalipun sami dipun sisirahi aksara *alif*, *lam, mîm.* Déné ingkang karembag wonten ing surat punika, inggih punika panganiaya tuwin cobi ingkang kasandhang déning para Muslimin, milanipun lajeng wonten sawenèh para saged ingkang anggadhahi pamanggih bilih sawenèh ayat-ayatipun surat punika, langkung-langkung ayat-ayat ingkang wiwitan, punika anggènipun katurunaken wonten ing Madinah, tuwin mengku karsa mangandikakaken pepérangan-pepéranganipun titiyang Muslimin. Nanging mastani bilih wiwitanipun para Muslimin nandhang panganiaya tuwin cobi punika nalika wonten ing Madinah sarta awujud peperangan, punika nama boten migatosaken sagemblenging babad Islam jaman wiwitan. Wonten ing Makkah para Muslimin sampun sami nandhang rekaos ingkang kalangkung sanget; nadyan upaminipun sampun boten wonten malih carios ingkang ngandharaken nalika para wengis, titiyang ingkang sami ngrasuk Islam jaman wiwitan sami dipun kaniaya kalayan para Muslimin sami hijrah dhateng nagari Habsyah sarta dhateng Madinah, punika sampun cekap kanggé paseksèn sapinten genging cobi ingkang kasandhang déning para Muslimin wau wonten ing Makkah. Ingkang kapangandikakaken ing surat punika jaman nalika wau wonten ing Makkah. Ingkang kapangandikakaken ing surat jaman nalika sanget-sangeting panganiaya, sarta para ingkang ngrasuk Islam sami dipun lipur. Dados ingkang cepak kémawon surat punika kagolong ing wekasaning jaman Makkah wiwitan utawi ing wiwitaning jaman Makkah tengahan.

Sasambetanipun tuwin babipun ingkang kawarsitakaken

Surat ingkang ingkang sampun mecakaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang badhé rawuhipun malih Kanjeng Nabi dhateng Makkah, tur kalayan ambekta kamenangan; punika ateges mratélakaken badhé kamenangan Islam. Ing surat punika kadhawuhaken bilih adiluhung inggih punika kamenangan yakti, punika tangèh lamun saged kagayuh, kajawi manawi sarana nandhang kasusahan

RUKU’ 1

Cobi punika amurugaken suci

1-5. Cobi punika perlu. 6-7. Panyarempeng punika ambekta ganjaran. 8, 9. Pambangun-turut dhateng tiyang sepuh ingkang nyembah brahala. 10, 11. Panguya-uya amilahaken para susatya kaliyan para lamis. 12, 13. Sasanggènipun tiyang awon.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

a. 11 1 Ingsun Allah, Ingkang-Mahawikan.[a]

الٓمّٓ ۝١

2 Apa manusa padha ngira, yèn bakal ditogaké baé déning padha acalathu: Aku padha angèstu, sarta padha ora dicoba?[1900]

اَحَسِبَ النَّاسُ اَنْ يُّتْرَكُوْٓا اَنْ يَّقُوْلُوْٓا اٰمَنَّا وَهُمْ لَا يُفْتَنُوْنَ ۝٢

3 Lan sayekti temen Ingsun wus nyoba para ing sadurungé; lah sayekti Allah bakal anguningani para kang padha temen sarta Panjenengané sayekti bakal angu-
b. 494 ningani para wong goroh.[b]

وَلَقَدْ فَتَنَّا الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ فَلَيَعْلَمَنَّ اللّٰهُ الَّذِيْنَ صَدَقُوْا وَلَيَعْلَمَنَّ الْكٰذِبِيْنَ ۝٣

---

ageng saha cobi ingkang sanget karana punika. Mila cobi lan panganiaya makaten perlu. Sasampunipun murwani makaten wau, lajeng nyebutaken anak ingkang kinaniaya déning tiyang sepuhipun piyambak, sarta para ingkang sami ngrasuk Islam kadhawuhan supados sami ambangun turut dhateng tiyang sepuhipun ing dalem bab prakawis punapa kémawon, nanging kedah sarosa angemohi pangandel palsu. Ruku’ ingkang kaping kalih, tiga tuwin sakawan kalayan cekak nyebutaken lalampahanipun Kanjeng Nabu Nuh, Ibrahim, Luth lan nabi sanès-sanèsipun malih, wigatos anerangaken bilih para tulus punika mesthi nandhang cobi lan mesthi nadhang panganiaya, kosok wangsulipun iman palsu kasanépakaken kados déné lamating kemlandhingan; punika kanggé anggambaraken ringkihipun iman palsu wau. Ruku’ ingkang kaping nem memèngeti para kafir nasib ingkang calon badhé dipun sandhang saha wohing anggènipun sami nganiaya kalayan wengis dhateng para titiyang Muslimin; kajawi punika ugi nglipur para Muslimin sarana nyebutaken bilih rekaos ingkang dipun sandhang punika badhé tumunten santun dados kawontenan ingkang nyenengaken. Ruku’ ingkang kaping pitu nerangaken bilih Gusti Allah, ingkang nadyan dhateng para kafir kalayan wilasa garapipun, punika mesthi boten amarengaken manawi pambudidayanipun para mukminin wonten ing margining yakti punika lastantun boten wonten wohipun; salajengipun ruku’ punika anerangaken bilih para ingkang sami nyarempeng sakiyatkiyatipun lan kalayan tuhu-tuhu, punika mesthi badhé tinuntun dhateng margi ingkang leres, inggih punika margi ingkang anjog ing kabegjan.

1900. Cobi ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat-ayat punika, ingkang dipun karsakaken panganiaya ingkang katandukaken para titiyang kafir dhateng para titiyang mukminin ing Makkah. Ingkang makaten punika kacethakaken ayat 10. Margi kalèntu-panampi bab prakawis kawontenanipun cobi-cobi wau, mahanani wonten sawènèhipun juru-kritik ingkang gadhah pamanggih, bilih ayat 1 dumugi ayat 10 punika mesthi wonten ing Madinah tumurunipun.

4 Apa para kang padha anglakoni panggawé ala padha ngira, yèn bakal padha bisa angoncati Ingsun? Ala panemuné iku.[1901]

أَمْ حَسِبَ الَّذِيْنَ يَعْمَلُوْنَ السَّيِّاٰتِ أَنْ يَّسْبِقُوْنَا ۗ سَآءَ مَا يَحْكُمُوْنَ ﴿٤﴾

Ut. *ngarep-arep*

5 Sapa sing *wedi* katemu Allah, lah sayekti mangsa kang wus tinamtu déning Allah iku masthi *kalakon*; lan Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Angudanèni.

Ar. *tumeka*

مَنْ كَانَ يَرْجُوْا لِقَآءَ اللّٰهِ فَإِنَّ أَجَلَ اللّٰهِ لَاٰتٍ ۗ وَهُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ ﴿٥﴾

6 Lan sapa sing nyarempeng, lah panyarempengé iku mung tumrap jiwané dhéwé; sayekti Allah iku cukup Pribadiné, adoh saka (butuh marang) ngalam kabèh.[1902]

وَمَنْ جَاهَدَ فَإِنَّمَا يُجَاهِدُ لِنَفْسِهٖ ۗ إِنَّ اللّٰهَ لَغَنِيٌّ عَنِ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٦﴾

7 Lan para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, sayekti Ingsun temen bakal ambirat panggawéné ala saka ing awaké, lan sayekti temen Ingsun bakal amales becik-beciké kang wus padha dilakoni.[1903]

وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَنُكَفِّرَنَّ عَنْهُمْ سَيِّاٰتِهِمْ وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ أَحْسَنَ الَّذِيْ كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ﴿٧﴾

8 Lan Ingsun wus andhawuhi manusa, marang wong tuwané loro dibecik, lan manawa dhèwèké amerdi-merdi sira, supaya sira anyakuthokaké kalawan Ingsun apa kang sira ora duwé ngilmuné, lah sakaroné aja sira turut; marang

وَوَصَّيْنَا الْإِنْسَانَ بِوَالِدَيْهِ حُسْنًا ۗ وَإِنْ جَاهَدٰكَ لِتُشْرِكَ بِيْ مَا لَيْسَ لَكَ بِهٖ عِلْمٌ فَلَا تُطِعْهُمَا ۗ إِلَيَّ مَرْجِعُكُمْ

1901. Terangipun, para tukang nganiaya boten badhé saged oncat saking siksa.

1902. Kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing 1793, tembung jihad punika asring kasebut wonten ing dhawuh-dhawuh ingkang tumurun ing Makkah, sarta sami mengku tegesipun ingkang asli, inggih punika, nyarempeng wonten ing margining Allah. Anggènipun titiyang Muslimin sami nandhang panganiaya tuwin dipun pisakit nalika wonten ing Makkah, karana anggènipun ngandhemi agaminipun, punika inggih nama jihâd, boten kawon kaliyan anggènipun sami peperangan karana rumeksa agami Islam nalika wonten ing Madinah.

1903. Ingkang kajarwakaken *ambirat* ing ngriki, punika tembung *nukaffirana.* utawi tebusan cara agami Nasrani, punika karimbag saking tembung wau. Quran maringi ancer-ancer bilih *kaffârah* utawi tebusan ingkang sajati, ingkang mangka kanggé nebus pandamel awon, punika nindakaken pandamel saé. Pamrihipun, supados pandamel saé wau, salebetipun katindakaken minangka gentosipun pandamel awon, ambangun gesangipun tiyang ing sageblengipun. Nebus dosa sarana katulusan, punika piwulangipun kudrat ingkang sajati, déné tebusan sarana rah, punika babar pisan cengkah kaliyan kudrat sarta boten pinanggih ing nalar.

Ingsun balinira, tumuli Ingsun bakal anjalèntrèhaké marang sira ing barang kang wus padha dilakoni.[1904]

فَأُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ۝٨

9 Lan para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik,
Ar. *dhèwèké* *iku* yekti temen bakal Ingsun
Ar. *ing jeroning* lebokaké *golonganing* para tulus.

وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
لَنُدْخِلَنَّهُمْ فِي الصَّالِحِينَ ۝٩

10 Lan sawenèhing wong ana kang calathu: Aku padha angèstu ing Allah; ananging samangsa ana ing (dadalaning) Allah iku, dhèwèké dikuya-kuya, anganggep panguya-uyaning wong iku siksaning Allah;[1905] lan manawa pitulung saka Pangéranira teka, sayekti bakal padha calathu: Temen aku iki padha rowangmu. O, apa Allah iku dudu Ingkang Mahawikan marang apa kang ana ing sajroning dhadha-dhadhané saindhenging kamanusan?

وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَقُولُ آمَنَّا بِاللَّهِ
فَإِذَا أُوذِيَ فِي اللَّهِ جَعَلَ فِتْنَةَ
النَّاسِ كَعَذَابِ اللَّهِ ۖ وَلَئِنْ جَاءَ
نَصْرٌ مِنْ رَبِّكَ لَيَقُولُنَّ إِنَّا كُنَّا
مَعَكُمْ ۚ أَوَلَيْسَ اللَّهُ بِأَعْلَمَ بِمَا
فِي صُدُورِ الْعَالَمِينَ ۝١٠

11 Lan sayekti Allah iku angudanèni para kang padha angèstu sarta sayekti angudanèni para
a. 494 wong lamis.[a]

وَلَيَعْلَمَنَّ اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا
وَلَيَعْلَمَنَّ الْمُنَافِقِينَ ۝١١

1904. Ayat punika mengku teges migatosaken pambangun-turut dhateng tiyang sepuh, nanging ugi maringi pèpènget, sampun ngantos tiyang punika nglangkungi wates anggènipun migatosaken kawajibanipun anak dhateng tiyang sepuh. Punika anedahaken bilih samangsa satunggaling kawajiban ingkang wigatos cengkah kaliyan kawajiban ingkang langkung wigatos malih, ingkang satunggal kedah dipun kawonaken, merlokaken ingkang langkung wigatos wau. Kacariyos, nalika Sa'd bin Waqqas ngrasuk Islam, ibunipun supados boten badhé nedha lan ngombé, ngantos manawi anakipun wau wangsul dados kafir; ing wekdal wau ayat punika katurunaken. Manawi lalampahan punika nyata, punika lajeng dados pasaksèn malih, bilih ayat-ayat punika tumurunipun nalika jaman Makkah, awit Sa'd punika éwonipun sahabat ingkang ngrasukipun Islam nalika jaman wiwitan. Saboten-botenipun anggènipun ambuktèkaken tuwan Noldeke, atanpa damel. Déné tuwan Noldeke wau mastani sarèhning ayat-ayat punika tumurun wonten Madinah, milanipun lalampahan wau mesthi boten nyatanipun. Ingkang cepak kémawon ayat ingkang kados makaten punika, langkung dipun betahaken kanggé tuntunanipun tiyang ingkang ngrasuk Islam jaman wiwitan ing Makkah, katimbang lan ingkang ngrasuk Islam ing sapengkeripun, ing Madinah; jalaran inggih nalika jaman Makkah wau kelampahanipun anak kapeksa nilar tiyang sepuhipun margi saking anggènipun ngrasuk agami Islam, sebab tiyang sepuhipun boten lila manawi piyambakipun ambucal agaminipun lami.

1905. Tegesipun, tiyang ingkang tipis imanipun, nganggep panganiayanipun tiyang kafir, ingkang pancènipun perlu kanggé nyantosakaken saha ngresikaken imanipun, kaanggep kados siksa saking

12 Lan para kang padha kafir acalathu marang kang padha angèstu: Padha manuta dadalanku, lan kaluputan-kaluputanmu dak sanggané. Lan ora pisan dhèwèké iku (dadi) wong kang nyangga kaluputan-kaluputané sathithik-thithika; sayekti, dhèwèké iku temen padha wong goroh.

وَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لِلَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّبِعُوْا سَبِيْلَنَا وَلْنَحْمِلْ خَطٰيٰكُمْ ۗ وَمَا هُمْ بِحٰمِلِيْنَ مِنْ خَطٰيٰهُمْ مِّنْ شَيْءٍ ۗ اِنَّهُمْ لَكٰذِبُوْنَ ﴿١٢﴾

13 Lan sayekti, dhèwèké temen bakal nyangga momotané dhéwé sarta momotan liya kanthiné momotané dhéwé, lan sayekti, ing dina kiyamat, temen bakal padha didangu prakara anggoné padha gawé-gawé.[1906]

وَلَيَحْمِلُنَّ اَثْقَالَهُمْ وَاَثْقَالًا مَّعَ اَثْقَالِهِمْ ۙ وَلَيُسْـَٔلُنَّ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ عَمَّا كَانُوْا يَفْتَرُوْنَ ﴿١٣﴾

RUKU' 2

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Nuh sarta Ibrahim

14, 15. Kanjeng Nab Nuh. 16-18. Kanjeng Nabi Ibahim. 19-22. Umat énggal anggentosi umat lami.

14 Lan sayekti, temen Ingsun wus angutus Nuh marang bangsané, lan olèhé dudunung *nunggal* dhèwèké sèwu taun kurang sèket taun.[1907] Banjur ketempuh ing *banjir*, *amarga* dhèwèké padha atindak dudu.[a]

Ar. *ing apaya*

Ut. *pageblug*
Ar. *kang sarta*
a. 901, 902

وَلَقَدْ اَرْسَلْنَا نُوْحًا اِلٰى قَوْمِهٖ فَلَبِثَ فِيْهِمْ اَلْفَ سَنَةٍ اِلَّا خَمْسِيْنَ عَامًا ۗ فَاَخَذَهُمُ الطُّوْفَانُ وَهُمْ ظٰلِمُوْنَ ﴿١٤﴾

Allah amargi anggènipun santun agami. Péranganipun ingkang wekasan ayat punika, piweca kados pundi badhé wicantenipun tiyang ingkang tipis imanipun wau, samangsa piyambakipun sami nyumerepi pitulunging Allah tumedhak dhateng para Muslimin saha nglebur para kafir.

1906. Kedah dipun pèngeti bilih wonten ing pundi kémawon Quran boten naté mangandikakaken, bilih momotanipun satunggaling titiyang punika badhé dipun sanggi ing tiyang sanès. Satunggal-satunggalipun tiyang tanggel jawab ing sabarang ingkang katindakaken. Menggah ing sajatos-jatosipun "momotan sanès" wau momotanipun piyambak anggènipun nasaraken tiyang sanès. Dados momotan kakalih ingkang kapangandikakaken ing ngriki, punika momotaning tindakipun piyambak ingkang lepat sarta momotanipun anggèning sampun nasaraken ing sanès.

1907. Mesthi kémawon boten wonten pakèwedipun tumrap para titiyang Nasrani, manawi kasebutaken wonten ing ngriki bilih Kanjeng Nabi Nuh sugeng ngantos 950 taun, awit Bébel inggih mastani samanten wau yuswanipun Kanjeng Nabi Nuh. Saèstunipun boten nama mokal, manawi wonten ing babading manusa ing jaman kina, umuripun tiyang langkung panjang katimbang ing jaman samangké; sarta inggih saged ugi, yuswanipun Kanjeng Nabi Nuh ngantos panjang sanget, nyebal ing kalimrahanipun tiyang nalika jamanipun. Nanging wonten titikan- titikan ingkang anedahaken, bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika 950 taun lamining tumindhakipun angger-angger ingkang dipun wulangaken Kanjeng Nabi Nuh, awit sapundhating wawangen wau, kalenggahananipun Kanjeng

فَأَنْجَيْنٰهُ وَأَصْحٰبَ السَّفِيْنَةِ وَجَعَلْنٰهَآ
اٰيَةً لِّلْعٰلَمِيْنَ ﴿١٥﴾

15 Banjur Ingsun anyalametaké Nuh dalah sing padha nunggang prau, sarta iki Ingsun dadèkaké tandha tumrap para bangsa.

وَإِبْرٰهِيْمَ إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِ اعْبُدُوا
اللّٰهَ وَاتَّقُوْهُ ۗ ذٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ
إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ ﴿١٦﴾

16 Lan (Ingsun wus angutus) Ibrahim, nalika dhèwèké calathu marang bangsané: Padha manembaha ing Allah sarta dirumeksa ing (wajibmu marang) Panjenengané; iki luwih becik tumrapé kowé, manawa kowé padha weruh.

إِنَّمَا تَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ أَوْثَانًا
وَّتَخْلُقُوْنَ إِفْكًا ۗ إِنَّ الَّذِيْنَ
تَعْبُدُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ لَا يَمْلِكُوْنَ
لَكُمْ رِزْقًا فَابْتَغُوْا عِنْدَ اللّٰهِ الرِّزْقَ
وَاعْبُدُوْهُ وَاشْكُرُوْا لَهٗ ۗ إِلَيْهِ
تُرْجَعُوْنَ ﴿١٧﴾

17 Kowé mung padha manembah saliyané Allah, (yaiku) brahala-brahala, sarta padha nganakaké panggorohan. Sayekti, para kang padha kokawulani, saliyané Allah, iku, padha ora anguwasani rijeki tumrap marang kowé; mulané padha ngupayaa rijeki saka ngarsaning Allah sarta ngabdia marang Panjenengané tuwin sukura marang Panjenengané; marang Panjenengané bakalé kowé padha dibalèkaké.

وَإِنْ تُكَذِّبُوْا فَقَدْ كَذَّبَ أُمَمٌ
مِّنْ قَبْلِكُمْ ۗ وَمَا عَلَى الرَّسُوْلِ إِلَّا
الْبَلٰغُ الْمُبِيْنُ ﴿١٨﴾

18 Lan manawa kowé padha anggorohaké (kasunyatan), lah para umat ing sadurungmu wus padha anggorohaké (kasunyatan); lan tanggunganing utusan iku ora liya kajaba mung anekakaké (ayahan) kalawan terang.

Nabi Nuh lajeng dipun gentosi Kanjeng Nabi lbrahim, ingkang inggih awit saking punika déné kasebutipun Kanjeng Nabi Ibrahim wau tumaruntun ing sasampunipun Kanjeng Nabi Nuh. Miturut titimangsa ingkang katerangaken ing Bébel, wekdal antawising miyosipun Kanjeng Nabi Nuh kaliyan miyosipun Kanjeng Nabi Ibrahim, punika wonten 952 taun. Lah nitik anggènipun Kanjeng Nabi Ibrahim kasebutaken tumaruntun ing sapengkeripun Kanjeng Nabi Nuh, punika mratandhani saged ugi ingkang dipun karsakaken punika inggih 950 taun punika. Kedah dipun pèngeti bilih dhawuh ingkang wekasan, ingkang mungel *banjur katempuh ing banjir*, punika kaelet-eletan *waqf* (padha lungsi) kaliyan péranganipun ingkang wiwitan ayat punika. Sarta inggih awit saking punika déné dhawuh wau boten mengku teges, bilih banjir wau nempah umatipun Kanjeng Nabi Nuh ing sasampuning panjenenganipun sugeng wonten ing tengah-tengahing umat wau 950 taun. Utawi, *thufan* ing ngriki punika kénging dipun tegesi kados déné ingkang kasebutaken ing margin ing nginggil, déné suraosipun saged ugi sanès banjir, nanging sawenèh siksa ingkang dhumawahipun langkung kantun. Katranganipun teges ingkang kados makaten punika sampun kasebutaken ing 934.

19 Kapriyé! apa dhèwèké ora angangen-angen, kapriyé Allah anggoné miwiti purwaning tumitah, tumuli angambal-ambali (terusé) iku? Sayekti, iki ingatasé Allah gampang.[1908]

أَوَلَمْ يَرَوْا كَيْفَ يُبْدِئُ اللَّهُ الْخَلْقَ
ثُمَّ يُعِيدُهُ ۚ إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى اللَّهِ يَسِيرٌ ﴿١٩﴾

20 Calathua: Padha lalakua ing bumi banjur delengen, kapriyé Panjenengané amiwiti purwaning tumitah; tumuli Allah andadèkaké dumadi kang kari; sayekti Allah iku marang samubarang kawasa.[1909]

قُلْ سِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانْظُرُوا كَيْفَ
بَدَأَ الْخَلْقَ ثُمَّ اللَّهُ يُنْشِئُ النَّشْأَةَ
الْآخِرَةَ ۚ إِنَّ اللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢٠﴾

21 Panjenengané aniksa sapa kang dikarsakaké sarta aparing wilasa marang sapa kang dikarsakaké, sarta marang Panjenengané bakalé kowé padha dibalèkaké.

يُعَذِّبُ مَنْ يَشَاءُ وَيَرْحَمُ مَنْ يَشَاءُ ۖ
وَإِلَيْهِ تُقْلَبُونَ ﴿٢١﴾

22 Lan ora bakal kowé padha bisa ngoncati ana ing bumi, lan ana ing langit iya ora; sarta saliyané Allah kowé ora padha duwé pangayoman, lan panulung iya ora.

وَمَا أَنْتُمْ بِمُعْجِزِينَ فِي الْأَرْضِ
وَلَا فِي السَّمَاءِ ۖ وَمَا لَكُمْ مِنْ دُونِ
اللَّهِ مِنْ وَلِيٍّ وَلَا نَصِيرٍ ﴿٢٢﴾

1908. Angger-angger "tumitah saha leburipun sadaya barang," ingkang tansah makardi wonten ing sagung dumados, punika cumetha ugi wonten ing dalem gesanging bangsa-bangsa utawi umat. Satunggaling bangsa katitahaken, lajeng kalebur sarta minangka gentosipun bangsa énggal kajumenengaken. Lah inggih angger-angger punika, ingkang dipun karsakaken ing ayat punika, inggih punika minangka kanggé pèpènget dhateng para manembah-brahala ing Makkah, bilih sampun dumugi wahyaning masakalanipun piyambakipun kagentosan ing umat sanès. Bab prakawis punika kacethakaken malih wonten ing ayat-ayat sambetipun.

Kedah dipun pèngeti bilih ayat 18-23 punika *parenthetical* (jawinipun dhawuh sanès ingkang sumesel, minangka katrangan), awit dhawuh-dhawuh wau tumuju dhateng mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Suci. Quran asring maringi pèpènget ingkang kalayan mawi cara makaten punika, inggih punika kaseselaken wonten ing andharan sanès; jalaran karsanipun Quran boten kok lugu namung badhé ngandharaken cariyos, nanging perlu badhé maringi pèpènget dhateng para ingkang sami milawani sumiyaripun yakti ingkang kawahyokaken dhateng Kanjeng Nabi Suci punika.

1909. Ing panggènan sanès, saben wonten dhawuh *padha lalakua ing bumi*, mesthi lajeng dipun sambeti ing dhawuh *banjur delengen, kapriyé wekasané wong kang padha anggorohaké*. Nanging ing ngriki sambeting dhawuh mungel: *Kapriyé Panjenengané amiwiti purwaning tumitah, tumuli Allah andadèkaké dumadi kang kari*. Manawi dhawuh warni kalih wau dipun cocogaken, cetha bilih suraosipun sami kémawon, inggih punika mengku karsa mangandikakaken leburipun satunggaling bangsa (umat) ingkang lajeng kagentosan ing umat sanès

RUKU' 3

Lalampahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim lan Luth

23-25. Kanjeng Nabi Ibrahim dipun kuya-kuya. 26, 27. Panjenengané mlajeng sarta dipun barkahi. 28-30. Kanjeng Nabi Luth.

23 Lan para kang padha angafiri timbalan-timbalaning Allah sarta sapatemoné Panjenengané, iku medhot pangarep-arep ing wilasa-Ningsun, sarta iki bakal tampa siksa kang nglarani.

وَالَّذِينَ كَفَرُوا بِآيَاتِ اللَّهِ وَلِقَائِهِ
أُولَٰئِكَ يَئِسُوا مِن رَّحْمَتِي وَأُولَٰئِكَ
لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٢٣﴾

24 Déné wangsulané bangsané ora liya kajaba mung padha angucap: Patènana dhèwèké utawa padha obongen; ananging Allah anyalametaké dhèwèké saka geni, sayekti, ing kéné iki temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha angèstu.[1910]

فَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهِ إِلَّا أَن قَالُوا
اقْتُلُوهُ أَوْ حَرِّقُوهُ فَأَنجَاهُ اللَّهُ مِنَ
النَّارِ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٢٤﴾

25 Lan dhèwèké calathu: Kowé iku mung padha ngalap saliyané Allah, (yaiku) brahala, mamrih *sih-sinihan* ing antaramu ing sajroning kauripan donya; banjur ing dina kiyamat sawenèhmu bakal anyé-laki sawenèhé, sarta sawenèhmu bakal angla'nati sawenèhé, lan padununganmu geni, apa déné kowé ora bakal duwé panulung.

Ut. *mimitran*

وَقَالَ إِنَّمَا اتَّخَذْتُم مِّن دُونِ اللَّهِ
أَوْثَانًا مَّوَدَّةَ بَيْنِكُمْ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا ۖ
ثُمَّ يَوْمَ الْقِيَامَةِ يَكْفُرُ بَعْضُكُم بِبَعْضٍ
وَيَلْعَنُ بَعْضُكُم بَعْضًا وَمَأْوَاكُمُ النَّارُ
وَمَا لَكُم مِّن نَّاصِرِينَ ﴿٢٥﴾

26 Luth banjur angèstu ing dhèwèké, sarta dhèwèké calathu: Aku iki ngungsi marang Pangé-ranku; sayekti Panjenengané iku Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Wicaksana.[1910A]

فَآمَنَ لَهُ لُوطٌ ۘ وَقَالَ إِنِّي مُهَاجِرٌ
إِلَىٰ رَبِّي ۖ إِنَّهُ هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٢٦﴾

1910. Boten prabéda lan dhawuh ing 21: 69, dhawuh ing ngriki ugi boten nyebutaken, bilih Kanjeng Nabi Ibrahim kacemplungaken ing latu saèstu. Sapisan, dhawuh ingkang kagem wonten ing ngriki, *Allah banjur nylametaké dhèwèké saka geni* punika anedahaken bilih mengsah boten saged nyemplungaken panjenenganipun dhateng latu. Kaping kalihipun, upayanipun mengsah wau: nyédani panjenenganipun utawi ambesmi panjenenganipun; dados *latu* wau saged namung ateges memengsahan ingkang tuwuh awit saking pangrencananipun mengsah wau.

1910A. Tetembungan *Aku iki lumayu* (*ngungsi*) *marang Pangéranku*, punika mengku teges

a. 1549 27 Lan Ingsun apaparing marang dhèwèké Ishaq lan Ya'qub,[a] sarta andadèkaké kanabian karo kitab dumunung ing turuné, lan Ingsun aparing ganjaran marang dhèwèké ing donya, tuwin ana ing akhirat sayekti dhèwèké iku temen panunggalané para tulus.

وَوَهَبْنَا لَهُ إِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَجَعَلْنَا فِي ذُرِّيَّتِهِ النُّبُوَّةَ وَالْكِتَابَ وَآتَيْنَاهُ أَجْرَهُ فِي الدُّنْيَا ۖ وَإِنَّهُ فِي الْآخِرَةِ لَمِنَ الصَّالِحِينَ ٢٧

28 Lan (Ingsun wus angutus) Luth, nalika dhèwèké calathu marang bangsané: Sayekti, kowé iku temen padha anglakoni tindak nistha, kang ing sadurungmu bangsa-bangsa ora ana siji-sijia kang atindak mangkono:

وَلُوطًا إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِ إِنَّكُمْ لَتَأْتُونَ الْفَاحِشَةَ مَا سَبَقَكُمْ بِهَا مِنْ أَحَدٍ مِنَ الْعَالَمِينَ ٢٨

29 Kapriyé! apa kowé padha anekani (padha) wong lanang, lan alaku bégal ing lulurung, sarta atindak ala ing pakumpulanmu?[1911] Ananging wangsulané bangsané ora liya kajaba mung padha acalathu: Tekakna siksaning Allah marang aku, yèn kowé iku panunggalané para wong temen.

أَئِنَّكُمْ لَتَأْتُونَ الرِّجَالَ وَتَقْطَعُونَ السَّبِيلَ ۙ وَتَأْتُونَ فِي نَادِيكُمُ الْمُنْكَرَ ۖ فَمَا كَانَ جَوَابَ قَوْمِهِ إِلَّا أَنْ قَالُوا ائْتِنَا بِعَذَابِ اللَّهِ إِنْ كُنْتَ مِنَ الصَّادِقِينَ ٢٩

30 Unjuké: Pangéran kawula! mugi aparing pitulung ing kawula lumawan bangsa ingkang adamel risak punika.

قَالَ رَبِّ انْصُرْنِي عَلَى الْقَوْمِ الْمُفْسِدِينَ ٣٠

lumajeng dhateng nagari sanès, ingkang manut dhawuhing Pangéran panjenenganipun kedah lumajeng mriku (Bd). Bab punika kasebutaken langkung cetha wonten ing 19: 49 "Lan aku bakal ngedoh saka kowé," sarta lajeng kasambetan dhawuh pratélaning 19: 50 "Mulané bareng wis ngedoh saka dhèwèké." Punika saya mewahi cetha bilih wilujengipun Kanjeng Nabi Ibrahim saking latu wau, margi saking panjenenganipun lumajeng dhateng nagari sanès.

1911. Wonten warni tiga pandamel awon ingkang katindakaken umatipun Kanjeng Nabi Luth, inggih punika lampah dosa ingkang sulaya ing kudrat, ambebégal, tuwin nindakaken pandamel awon kalayan ngeblak wonten ing pakempalan-pakempalanipun. Dados awit saking punika, nama lepat manawi nerangaken sadaya lalampahan ingkang magepokan kaliyan cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi Luth, punika namung pandamel dosa ingkang sulaya ing kudrat kémawon, pandamel awon ingkang katindakaken umatipun. Miturut Kf, قطع السبيل punika "pandamel ambébégal mejahi tiyang saha ngrebat bandhanipun." JB mewahi katerangan wonten ing sawingkingipun ukara تقطعون السبيل makaten: "awit damelanipun piyambakipun punika mejahi tiyang ingkang sami lumampah sarta ngrebat bandhanipun." Para mufassir sanès-sanèsipun ugi kados makaten wau anggènipun nerangaken.

RUKU' 4

Ringkihipun iman palsu: Kaca benggala saking pandumipun bangsa-bangsa ing kina-kina

31-35. Umatipun Nabi Luth dipun lebur. 36, 37. Umatipun Nabi Syu'aib. 38. 'Ad lan Tsamud. 39. Fir'aun lan sanèsipun. 40. Wujuding pidana mawarni-warni. 41-44. Iman palsu dipun sanépakaken lamat kemlandhingan.

31 Lan bareng para utusan-Ingsun wus teka (ing panggonané) Ibrahim kalawan pawarta bubungah,[a] padha calathu: Saèstu kula badhé sami anglebur tiyangipun kitha punika, saèstu tiyangipun sami atindak dédé.

a. 1187, 11:69

وَلَمَّا جَاءَتْ رُسُلُنَا إِبْرَاهِيمَ بِالْبُشْرَىٰ
قَالُوا إِنَّا مُهْلِكُو أَهْلِ هَٰذِهِ الْقَرْيَةِ ۖ
إِنَّ أَهْلَهَا كَانُوا ظَالِمِينَ ﴿٣١﴾

32 Calathuné: Saèstu, Luth wonten ing ngriku. Padha calathu: Kula sami sumerep saèstu sinten ingkang wonten ing ngriku; saèstu kula badhé milujengaken piyambakipun dalah pandhèrèkipun, kajawi rabinipun; punika badhé dados panunggilanipun ingkang sami kantun.

قَالَ إِنَّ فِيهَا لُوطًا ۚ قَالُوا نَحْنُ
أَعْلَمُ بِمَنْ فِيهَا ۖ لَنُنَجِّيَنَّهُ وَأَهْلَهُ
إِلَّا امْرَأَتَهُ كَانَتْ مِنَ الْغَابِرِينَ ﴿٣٢﴾

33 Lan bareng para utusan-Ingsun wus teka (ing panggonané) Luth, iki amrihatinaké marang dhèwèké kabèh, lan cupet kakuwatané kanggo angrampungi prakarané dhèwèké,[1912] sarta dhèwèké padha calathu: Sampun sampéyan kuwatos sarta sampun susah; saèstu kula badhé sami milujengaken sampéyan dalah pandhèrèk sampéyan, kajawi rabi sampéyan; punika badhé dados panunggilanipun ingkang sami kantun:

وَلَمَّا أَنْ جَاءَتْ رُسُلُنَا لُوطًا سِيءَ
بِهِمْ وَضَاقَ بِهِمْ ذَرْعًا وَقَالُوا لَا
تَخَفْ وَلَا تَحْزَنْ ۖ إِنَّا مُنَجُّوكَ وَأَهْلَكَ
إِلَّا امْرَأَتَكَ كَانَتْ مِنَ الْغَابِرِينَ ﴿٣٣﴾

1912. *Dhar'un*, ingkang tegesipun wantah *nguluraken tangan*, punika mengku teges kakiyatan utawi *kasagedan* utawi *kuwaos ingkang jembar*. ضاق بالامر ذرعا tegesipun dhèwèké ora bisa ngrampungi prakarané (Q-LL).

34 Sayekti Ingsun bakal anurunaké pidana saka ing langit marang wongé ing kutha iki, amarga saka anggoné padha murang-yekti.

إِنَّا مُنزِلُونَ عَلَىٰٓ أَهْلِ هَٰذِهِ ٱلْقَرْيَةِ رِجْزًا مِّنَ ٱلسَّمَآءِ بِمَا كَانُوا۟ يَفْسُقُونَ ٣٤

35 Lan sayekti, temen Ingsun ninggal sawijining tandha kang terang, saka ing iku, tumrap wong kang padha ngerti.[1913]

وَلَقَد تَّرَكْنَا مِنْهَآ ءَايَةًۢ بَيِّنَةً لِّقَوْمٍ يَعْقِلُونَ ٣٥

a. 919 36 Lan marang Madiyan (Ingsun wus angutus) Syu'aib, saduluré,[a] sarta calathu: O, bangsaku padha ngabdia ing Allah lan wedia ing dina akhir sarta aja padha alaku ala ing bumi agawé wisuna.

وَإِلَىٰ مَدْيَنَ أَخَاهُمْ شُعَيْبًا فَقَالَ يَٰقَوْمِ ٱعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ وَٱرْجُوا۟ ٱلْيَوْمَ ٱلْءَاخِرَ وَلَا تَعْثَوْا۟ فِى ٱلْأَرْضِ مُفْسِدِينَ ٣٦

37 Ananging dhèwèké padha
Ar. *dhèwèké* anggorohaké *Syu'aib*, mulané
Ar. *dhèwèké* lindhu gedhé anempuh *ing kono*, satemah dhèwèké padha dadi badan kang tanpa mosik ana ing padunungané.

فَكَذَّبُوهُ فَأَخَذَتْهُمُ ٱلرَّجْفَةُ فَأَصْبَحُوا۟ فِى دَارِهِمْ جَٰثِمِينَ ٣٧

38 Lan (Ingsun wus anglebur) 'Ad lan Tsamud, sarta *saka* padununganè, temen (iki) terang tumrapé kowé kabèh; lan panggawé-panggawéné dipaès-paèsi déning sétan tumrap dhèwèké; mulané banjur angénggokaké dhèwèké saka ing dalan, sanajan dhèwèké padha kasinungan pandulu.

وَعَادًا وَثَمُودَا۟ وَقَد تَّبَيَّنَ لَكُم مِّن مَّسَٰكِنِهِمْ ۖ وَزَيَّنَ لَهُمُ ٱلشَّيْطَٰنُ أَعْمَٰلَهُمْ فَصَدَّهُمْ عَنِ ٱلسَّبِيلِ وَكَانُوا۟ مُسْتَبْصِرِينَ ٣٨

39 Lan (Ingsun wus anglebur)
b. 1895 Qarun[b] lan Fir'aun sarta Haman;[c]
c. 1870 lan sayekti temen Musa wus anekani dhèwèké kalawan bukti-bukti, ananging padha gumedhé ana ing bumi; éwadéné padha ora bisa anglancangi (Ingsun).

وَقَٰرُونَ وَفِرْعَوْنَ وَهَٰمَٰنَ ۖ وَلَقَدْ جَآءَهُم مُّوسَىٰ بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَٱسْتَكْبَرُوا۟ فِى ٱلْأَرْضِ وَمَا كَانُوا۟ سَٰبِقِينَ ٣٩

1913. Sadum tuwin Gomorah, kitha kakalih ingkang sami dipun lebur, punika dumunung wonten ing sacelakipun Saganten Pejah, kaprenah wonten ing margi saking tanah Arab kados déné ingkang kadhawuhaken wonten ing 15: 76: "Lan iku sayekti ana ing dadalan kang isih ana."

40 Mulané siji-sijiné padha
Ingsun pidana karana dosané;
sawenèh Ingsun utusan prahara
a. 910 riwud anempuh dhèwèké,[a] lan sa-
wenèh ana kang katempuh déning
aa. 915 oreg gumuruh,[aa] lan sawenèhé ana
kang Ingsun dhawuhi nguntal
b. 1897 déning bumi,[b] lan sawenèhé ana
c. 82, 902 kang Ingsun kelem[c] lan ora mung-
guh Allah atindaka dudu marang
dhèwèké, ananging dhèwèké kang
padha atindak dudu marang jiwané
dhéwé.

فَكُلًّا أَخَذْنَا بِذَنْبِهٖ ۖ فَمِنْهُم مَّنْ أَرْسَلْنَا
عَلَيْهِ حَاصِبًا ۚ وَمِنْهُم مَّنْ أَخَذَتْهُ
الصَّيْحَةُ ۚ وَمِنْهُم مَّنْ خَسَفْنَا بِهِ الْأَرْضَ ۚ
وَمِنْهُم مَّنْ أَغْرَقْنَا ۚ وَمَا كَانَ اللّٰهُ لِيَظْلِمَهُمْ
وَلٰكِنْ كَانُوْٓا أَنْفُسَهُمْ يَظْلِمُوْنَ ﴿٤٠﴾

41 Sanépané para kang padha angalap pangayoman saliyané Allah iku kaya sanépané kemlandhingan kang gawé omah; lan sayekti, ringkih-ringkihing omah iku omah kemlandhingan – lamun ta dhèwèké padha weruha.[1914]

مَثَلُ الَّذِيْنَ اتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ
أَوْلِيَآءَ كَمَثَلِ الْعَنْكَبُوْتِ ۚ اتَّخَذَتْ
بَيْتًا ۖ وَإِنَّ أَوْهَنَ الْبُيُوْتِ لَبَيْتُ
الْعَنْكَبُوْتِ ۘ لَوْ كَانُوْا يَعْلَمُوْنَ ﴿٤١﴾

42 Sayekti Allah iku angudanèni barang apa baé saliyané Panjenenganè kang padha diuwuh; lan Panjenenganè iku Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Wicaksana.

إِنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ مَا يَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِهٖ
مِنْ شَيْءٍ ۚ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ﴿٤٢﴾

43 Lan sanépa-sanépa iki, iku Ingsun gawé tumrap para manusa, lan iku ora ana wong kang ngerti, kajaba para pinter.

وَتِلْكَ الْأَمْثَالُ نَضْرِبُهَا لِلنَّاسِ ۚ
وَمَا يَعْقِلُهَآ إِلَّا الْعٰلِمُوْنَ ﴿٤٣﴾

1914. Ngandel dhateng sesembahan-sesembahan palsu, ingkang menggah ing sajatos-jatosipun mengku teges sawarnining pangandel lepat, punika wonten ing ngriki kasanépakaken kaliyan lamating kemlandhingan, kanggé anggambaraken ringkihipun. Saged ugi sawatawis wekdal pangandel lepat wau saged gesang kalayan angrembaka; nanging samangsa kapanduk ing papadhanging paniti-priksa saha panglèlèr, sanalika lajeng lebur atanpa tabet. Utawi, boten prabéda lan lamating kemlandhingan punika lajeng éwah babar pisan samangsa dipun bibrah, lah makaten ugi pangandel lepat, boten saged tetep lastantun wonten ing kawujudanipun ingkang asli; samangsa wonten piwulangipun ingkang tinampik, mesthi lajeng nyababaken thukulipun piwulang énggal minangka gentosipun ingkang sampun; dados menggah ing sajatos-jatosipun pangandel lepat punika ringkih sanget, tanpa wonten kakiyatanipun.

Dhawuh punika ugi kénging dipun suraos nyasmitakaken upayanipun para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang tinamtu badhé sirna atanpa tilas, margi saking anggènipun boten kawawa nahan kamajenganipun yakti ingkang kados ilining banjir punika.

44 Allah wus anitahaké langit-langit lan bumi kalawan kasunyatan: sayekti ing kono iku temen ana tandha tumrap para mukmin

خَلَقَ اللّٰهُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ بِالْحَقِّ ۭ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيَةً لِّلْمُؤْمِنِيْنَ ۝

RUKU' 5

Quran Suci punika anucèkaken

45. Quran Suci punika angluwaraken manusa saking babandaning dosa. 46. Tatalesing papabenan. 47-49. Quran Suci ngemot sadaya kasunyataning agami. 50, 51. Éwah-éwahan ingkang dadosipun jalaran saking Quran Suci punika satunggaling pratandha kasunyatanipun.

JUZ XXI

45 Sira macaa apa kang wus diwedharaké marang sira yaiku Kitab, sarta anjumenengna salat: sayekti salat iku angedohaké (manusa) saka laku nistha lan laku ala, sarta sayekti éling marang Allah iku kang gedhé dhéwé, lan Allah iku Ngudanèni apa kang padha sira lakoni.[1915]

اُتْلُ مَآ اُوْحِيَ اِلَيْكَ مِنَ الْكِتٰبِ وَاَقِمِ الصَّلٰوةَ ۭ اِنَّ الصَّلٰوةَ تَنْهٰى عَنِ الْفَحْشَاۗءِ وَالْمُنْكَرِ ۭ وَلَذِكْرُ اللّٰهِ اَكْبَرُ ۭ وَاللّٰهُ يَعْلَمُ مَا تَصْنَعُوْنَ ۝

1915. Ayat punika ngajak dhateng para pandhèrèking Kitab Sami nampènana Quran, margi Quran makaten gadhah daya saged anucèkaken gesangipun tiyang, boten kados kitab sucinipun para titiyang wau piyambak, sampun boten gadhah daya saged anguwalaken tiyang saking babandaning dosa, mangka maksudipun ingkang sajati tumurunipun wahyu, punika inggih badhé nguwalaken manusa saking babandaning dosa wau. Kajawi punika ayat punika ugi masang tatales ingkang saleres-leresipun ingkang mangka kanggé nguwalaken saking panilikungipun dosa, kalayan sabda pangandika ingkang makaten: èling maring Allah iku kang gedhé dhéwé, liripun, ingkang kawasa piyambak saha ingkang peng-pengan piyambak kanggé anebihaken saking dosa. Sampun cetha manawi punika tatalesing piwulang ingkang leres piyambak, sadaya para andika nabi tuwin para titiyang tulus sami aneksèni, makaten ugi akal budi kita inggih mastani makaten wau. Sagedipun tiyang punika tebih saking tumindhak wonten ing margi ingkang boten dipun renani Pangéran, punika ngemungaken sarana iman ingkang gesang dhateng kawasaning Pangéran, sarana ngèlmu lan sarana kasaénan; sarta inggih makaten punika ingkang nama "èling ing Allah" punika. Sarana ingkang peng-pengan piyambak kanggé anebihaken saking awon, inggih punika kayakinan bilih saben pandamel awon mesthi badhé anguwuhaken awon, kayakinan bilih Ingkang-Mahaluhur punika pranyata wonten sayektos, inggih punika Dhat Ingkang- Mahawikan dhateng barang punapa kémawon ingkang sumingid saking mripating manusa sarta Ingkang kagungan angger-anggering budipakarti ingkang langkung kinawasa tikel-matikel katimbang lan daya-kakiyataning budipakartinipun babrayaning gesang, kayakinan bilih Panjenengan-ipun punika tuking sadaya kasaénan sarta inggih asarana kasaénan wau sagedipun manusa sasambetan kaliyan Panjenenganipun. Ngemungaken punika sadaya, ingkang saged nebihaken tiyang saking awon. Lan inggih punika piwulang ingkang mangka tatales, ingkang dipun anggé niyup iman ingkang gesang saben wahyu ingkang taksih murni.

Ugi perlu dipun pèngeti bilih maos Quran, nindakaken sembahyang, sarta émut ing Allah, punika menggah ing sajatosipun sami kémawon maksudipun, awit sembahyang punika mawi maos Quran, sarta Quran punika sarana ingkang prayogi piyambak kanggé émut ing Allah saben ukara dhawuh

46 Lan aja padha apapadon karo pandhèrèking Kitab kajaba kalawan apa kang luwih becik,[1916] kajaba para kang padha atindak dudu saka antarané dhèwèké,[1917] sarta padha calathua: Aku padha angèstu marang kang diturunaké marang aku sarta kang diturunaké marang kowé, sarta Sesembahanku lan Sesembahanmu iku Sawiji, sarta marang Panjenengané aku iki padha sumarah.

وَلَا تُجَادِلُوٓا أَهْلَ الْكِتٰبِ إِلَّا بِالَّتِي
هِيَ أَحْسَنُ ۖ إِلَّا الَّذِينَ ظَلَمُوا مِنْهُمْ
وَقُولُوٓا اٰمَنَّا بِالَّذِيٓ أُنْزِلَ إِلَيْنَا وَ
أُنْزِلَ إِلَيْكُمْ وَإِلٰهُنَا وَإِلٰهُكُمْ وَاحِدٌ
وَّنَحْنُ لَهُ مُسْلِمُونَ ﴿٤٦﴾

47 Lan kaya mangkono iku anggon-Ingsun anurunaké kitab marang sira. Déné para kang wus

وَكَذٰلِكَ أَنْزَلْنَآ إِلَيْكَ الْكِتٰبَ ۗ فَالَّذِينَ

Quran punika saged anggelar dhateng manahipun tiyang ingkang maos, kasaénan, kawasa, saha mahawikanipun Pangéran, ingkang kitab sanès boten wonten ingkang saged kados makaten wau. Quran, punika sanès serat angger-angger, sanajan ing ngriku ugi ngemot tatalesing angger-angger ingkang perlu kanggé tuntunan tumrap para manusa. Quran inggih sanès serat babad suci (serat cariyos lalampahanipun para Nabi), sanajan ing ngriku ugi ngemot babad suci ingkang perlu-perlu. Wangsul Quran punika Kitab ingkang adi-luhung, ingkang anggelar kaluhuran, kaagungan, kamulyan, kasaénan, katresnan, kasucian, kawasa, tuwin mahawikanipun Pangéran ingkang Mahaluhur.

1916. Kedah dipun pèngeti bilih ingkang karembag wonten ing dhawuh punika namung caraning pabenan utawi pirembagan ingkang kedah dipun anggé salebetipun ajak-ajak para titiyang ingkang sampun gadhah cecepengan kitab suci – tiyang Arab boten gadhah – dhateng kasunyatanipun Islam saha dhateng wahyu Quran. Gagasan ingkang wonten mamalanipun, ingkang manggihaken réka majibaken migunakakaken rudaparipeksa, tétéla manawi boten andungkap babar pisan dhateng suraosipun dhawuh punika; awit nama boten mantuk sanget manawi rembagan prakawis agami teka mawi lampah rudaparipeksa. Saged ugi, cara ingkang makaten punika mikantuki sanget tumrapipun para mubalig Nasrani ing jaman akhir punika. Nanging tumrapipun Quran, pundi ingkang nama langkung saé, punika sampun kadhawuhaken kalayan cetha pratéla, sarta tumrapipun Quran, ingkang kedah dados titimbangan ingkang premati, punika piwulangipun ingkang momot ingkang mangka dados dhadhasar tatalesipun agami. Piwulangipun agami ingkang minangka dados tatales dhadhasaripun, punika wonten warni kalih, inggih punika: wontenipun Pangéran tuwin wontenipun wahyuning Pangéran. Racak sadaya agami ingkang asli saking wahyuning Pangéran, mesthi kados makaten wau dhasar tatalesipun. Namung wonten bédanipun sawatawis, inggih punika: piwulangipun agami Islam, punika piwulang tauhid (mastuti ing kasawijènipun Allah) ingkang sampurna lan murni, anggènipun nyifati Pangéran, Allah punika kagungan sifat-sifat ingkang sampurna, sarta Panjenenganipun punika suci saking sawarnining apes saha sawarnining ingkang nama "boten sampurna." Lah paham makaten punika kénging katamtokaken, boten badhé saged dipun waosi sintena kémawon ingkang ngaken pitados dhateng wontenipun Pangéran, waton mawi migunakaken akal budinipun. Pahamipun tiyang Islam ing bab wahyuning Pangéran, inggih sakalangkung jembar lan momot angungkuli pahamipun para pandhèrèking agami sanès ingkang pundi kémawon, awit manut piwulangipun Islam, wahyuning Pangéran punika tansah kaparingakaken ing sadaya jaman lan dhateng sadaya umat. Dados tiyang Muslimin makaten ngakeni ing kayektènipun sadaya nabi tuwin sadaya wahyu, sarta pandhèrèking agami sanès ingkang pundi kémawon boten badhé kécalan punapa-punapa nanging malah angsal-angsalan, samangsa sami nganggé agami Islam.

1917. Tembung *kajaba kang padha atindak dudu*, punika boten teka ateges, manawi pirembagan kaliyan piyambakipun kedah mawi cara sanès, punika boten, nanging ateges bilih para ingkang sami

padha Ingsun paringi Kitab padha angèstu marang iku, lan sawenèhé iki ana kang angèstu marang iku, sarta ora bakal anulak marang timbalan-timbalan-Ingsun kajaba para kafir.[1918]

آتَيْنٰهُمُ الْكِتٰبَ يُؤْمِنُوْنَ بِهٖ ۚ وَمِنْ هٰٓؤُلَآءِ مَنْ يُّؤْمِنُ بِهٖ ۗ وَمَا يَجْحَدُ بِاٰيٰتِنَآ اِلَّا الْكٰفِرُوْنَ ﴿٤٧﴾

48 Lan ing sadurungé iku sira ora tau maca Kitab siji, lan sira ora nulis iku kalawan tanganira tengen, amarga mundhak para dorawicara padha semang-semang.[1919]

وَمَا كُنْتَ تَتْلُوْا مِنْ قَبْلِهٖ مِنْ كِتٰبٍ وَّلَا تَخُطُّهٗ بِيَمِيْنِكَ اِذًا لَّارْتَابَ الْمُبْطِلُوْنَ ﴿٤٨﴾

49 O, balik iku timbalan-timbalan kang terang ing dalem dhadhadhadhané para kang padha sinungan ngilmu;[1920] lan ora bakal nulak timbalan-timbalan-Ingsun kajaba kang padha atindak dudu.

بَلْ هُوَ اٰيٰتٌۢ بَيِّنٰتٌ فِيْ صُدُوْرِ الَّذِيْنَ اُوْتُوا الْعِلْمَ ۗ وَمَا يَجْحَدُ بِاٰيٰتِنَآ اِلَّا الظّٰلِمُوْنَ ﴿٤٩﴾

---

atindak dédé wau mesthi boten purunipun ngajengi kateranganing piwulangipun agami ingkang laras kaliyan akal punika. Bab prakawis punika kacethakaken ayat candhakipun.

1918. *Lan kaya mangkono iku anggon-Ingsun anurunaké Kitab marang sira*; inggih punika: kalayan anetepaken kayektèning sadaya wahyu ingkang sampun tumurun ing wekdal ingkang sampun-sampun. Tembung *iki* ingkang dipun karsakaken bangsa Arab, inggih punika bangsa ingkang boten gadhah cecepengan kitab suci.

1919. Piwulang-piwulang ingkang momot ingkang dados tatalesipun agami, sarta kasunyatan ruhani lan budipakarti ingkang adi-éndah, ingkang cumetha gumelar wonten ing dalem Quran, sadaya wau saupami ngalempakipun punika saged katindakaken ing tanganing manusa, tandha inggih ngemungaken tiyang ingkang sugih ngélmu dhateng kitab-kitab suci ing kina kémawon ingkang saged nglempakaken wau. Nanging Kanjeng Nabi Suci punika, sampun malih sadaya kitab-kitab suci kina yèn mangertosa. Lah mbok inggih satunggal kémawon maos boten saged. Tumrapipun satunggaling nabi kados déné Kanjeng Nabi ‘Isa, punika saged manawi dipun wastanana sampun naté maosi kitab-kitab suci kina, sarta mendheti saking ngriku kasunyatan ingkang éndah-éndah lajeng dipun kalempakaken dados satunggal. Nanging tumrap Kanjeng Nabi Suci, boten saged dipun wastani makaten wau, jalaran panjenenganipun punika boten saged maos lan boten saged nyerat, dados anggènipun boten saged nyerat lan boten saged maos wau, saged anetepaken kayektènipun. Sadaya piwulang lan sadaya kasunyatan sanès-sanèsipun kénging dipun sisihaken rumiyin; sapunika saprakawis kémawon ingkang dipun manah. Cobi kula aturi anggalih piwulangipun Islam ingkang momot punika, inggih punika piwulang bab wahyuning Pangéran, ingkang miturut Islam kaparingaken ing sadaya jaman lan dhateng sadaya umat, inggih punika kasunyatan ingkang dèrèng naté kawulangaken lan dèrèng naté dipun akeni déning agami punapa kémawon lan tiyang sintena kémawon sadèrèngipun Kanjeng Nabi Suci; punapa boten anèh, manawi kasunyatan ingkang momot wau dipun wulangaken tur kalayan tetembungan ingkang ceplos lan terang gamblang déning satunggaling tiyang, ingkang boten naté maos kitab sucinipun agami punapa kémawon, kathik ingkang sugengipun wonten ing nagari, ingkang kénging winastan babar pisan boten wonten sasambetanipun kaliyan nagari-nagari sanès? Satunggaling tiyang Arab ing saganten wedhi, saged ngundhangakaken kasunyatan ingkang dèrèng naté kawulangaken nabi agung satunggal-tunggala, punika thok sampun cekap kanggé ambuktèkaken, bilih tuk ingkang ngilèkaken piwulang wau nyata sanès kawruhipun manusa. Saweg sasampunipun let tigawelas abad,

1920. *Mirsanana kaca candhakipun.*

50 Lan dhèwèké padha calathu: Yagéné ora ana tandha-tandha diturunaké marang dhèwèké saka Pangérané? Calathua: Tandha-tandha iku mung ana ing ngarsaning Allah, lan aku iki mung jurupépéling kang terang.[1921]

وَقَالُوْا لَوْلَآ اُنْزِلَ عَلَيْهِ اٰيٰتٌ مِّنْ رَّبِّهٖ ؕ قُلْ اِنَّمَا الْاٰيٰتُ عِنْدَ اللّٰهِ ؕ وَ اِنَّمَآ اَنَا نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ﴿۵۰﴾

51 Apa ta ora cukup tumrap dhèwèké déné Ingsun wus anurunaké Kitab marang sira, winacakaké marang dhèwèké? Sayekti ing kono iku temen ana wilasa sarta pépéling tumrap wong kang padha angèstu.[1922]

اَوَ لَمْ يَكْفِهِمْ اَنَّآ اَنْزَلْنَا عَلَيْكَ الْكِتٰبَ يُتْلٰى عَلَيْهِمْ ؕ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ لَرَحْمَةً وَّ ذِكْرٰى لِقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ﴿۵۱﴾

inggih punika sasampunipun kawruh saya pepak lan bangsa-bangsa saged sambetan satunggal kaliyan satunggalipun, kasunyatan wau dipun akeni dados kasunyatan enggel bab kayektènipun sadaya agami.

1920. Ayat ingkang sampun mangandikakaken bilih kasunyatan-kasunyatan ingkang pinanggih wonten ing kitab-kitab sucinipun agami-agami, ingkang dèrèng naté kawaos Kanjeng Nabi Suci punika kacakup wonten ing Quran.

Salajengipun ayat punika andhawuhaken, bilih boten namung kasunyatan-kasunyatan wau kémawon, ingkang kasebutaken wonten ing dalem Quran, nanging dalasan prakawis sanès- sanèsipun ugi, ingkang boten pinanggih wonten ing kitab suci sanès-sanèsipun, inggih punika prakawis ingkang namung pinanggih wonten ing dhadhanipun para saged, sarta prakawis- prakawis ingkang badhé tansah rinaos para saged, ugi kasebutaken wonten ing Quran Suci. Pamanggih ingkang sakalangkung majeng ing babagan agami ing jaman samangké punika mastani, wontenipun tatalesing agami satunggal ingkang kanggé manusa sadaya, punika perlu sanget. Lah ingkang makaten punika ing dalem Islam sampun wonten. Punika dados tandha yekti ingkang terang gamblang, ingkang ambuktèkaken ing kayektèning dhawuhipun ayat punika.

1921. Kados déné ingkang sampun naté katerangaken wonten ing panggènan sanès dipun pèngetana bilih dhawuh ingkang kados makaten ungelipun, punika boten teka mengku teges, bilih tandha-tandha boten badhé katurunaken, nanging kosokwangsulipun, malah namtokaken bilih tandha-tandha wau mesthi badhé ginelar. Kanjeng Nabi punika juru-pèpènget, sarta wonten ing masakalanipun ingkang trep panjenenganipun paring pèpènget, bilih tandha-tandha wau wonten ing ngarsanipun Allah. Titiyang kafir maiben dhateng kawasanipun Pangéran anurunaken tandha-tandha wau. Gagandhèngan kaliyan dhawuh punika, kula aturi maos ugi ayat 53 dumugi ayat 55, ingkang kalayan tetembungan ingkang terang saha ceplos andhawuhaken bab prakawis tumurunipun siksa ingkang déning para kafir dipun gégé tumurunipun; lah lajeng terang punapa tegesipun tandha-tandha *wonten ing ngarsanipun Allah punika.*

1922. Lah punika ugi dhawuh wangsulan dhateng para ingkang sami nedha dipun turuni tandha yekti, ingkang boten sandé namung badhé mahanani ing karisakanipun. Quran punika wilasa: manawi para titiyang wau sami purun nampèni Quran, sarta purun ambangun gesangipun manut pitedahipun Quran, piyambakipun mesthi badhé dipun rengkuh kalayan sih-wilasa. Piyambakipun saged nyumerepi piyambak, anggènipun Quran sampun suka paédah dhateng para ingkang sami angèstu; ngantos engédab-édabaken sanget anggènipun sampun ambangun gesangipun para angèstu wau, punapa punika dèrèng cekap kanggé tandha yekti ing kayektènipun Quran Suci tumrap para titiyang wau? Saèstunipun, punika bukti ingkang melok saha ceplos dhateng kayektènipun sabda suci; amargi, inggih badhé andayani pambangunan suci dhateng gesangipun para ingkang ambangun-turut punika, sedyanipun ingkang baku sabda suci wau; déné saged ngawonaken mengsah-mengsahipun, punika namung dados bukti ingkang boten melok kémawon.

RUKU' 6

Para kafir dipun pèpèngeti, para angèstu dipun lipur

52-55. Siksa punika sampun tamtu. 56-62. Para mukmin badhé tampi ganjaran ageng. 63. Bumi pejah badhé dipun gesangaken.

52 Calathua: Wus cukup Allah iku minangka saksi ing antarané
Ar. *antarané kowé* — aku lan *kowé*; Panjenengané angudanèni sabarang ing sajroning
Ar. *lan* — langit-langit lan bumi. *Déné* para kang padha angèstu ing panggorohan sarta angafiri ing Allah, yaiku wong kang padha kapitunan.

قُلْ كَفٰى بِاللّٰهِ بَيْنِيْ وَ بَيْنَكُمْ شَهِيْدًا ۚ يَعْلَمُ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَ الْاَرْضِ ؕ وَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا بِالْبَاطِلِ وَ كَفَرُوْا بِاللّٰهِ ۙ اُولٰٓئِكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ﴿۵۲﴾

53 Lan dhèwèké padha anggégé anjaluk siksa marang sira; lan lamun oraa wus tinamtu mangsané, amasthi siksa wus anekani dhèwèké; lan sayekti, iku bakal anekani dhèwèké kalawan dumrojog, sarta dhèwèké padha ora nglegéwa.

وَ يَسْتَعْجِلُوْنَكَ بِالْعَذَابِ ؕ وَ لَوْ لَاۤ اَجَلٌ مُّسَمًّى لَّجَآءَهُمُ الْعَذَابُ ؕ وَ لَيَاْتِيَنَّهُمْ بَغْتَةً وَّ هُمْ لَا يَشْعُرُوْنَ ﴿۵۳﴾

54 Dhèwèké padha anggégé anjaluk siksa marang sira, lan sayekti, naraka iku temen anglimputi para kafir;[1923]

يَسْتَعْجِلُوْنَكَ بِالْعَذَابِ ؕ وَ اِنَّ جَهَنَّمَ لَمُحِيْطَةٌ ۢ بِالْكٰفِرِيْنَ ﴿۵۴﴾

55 Ing dinané siksa bakal anutupi dhèwèké, saka ing dhuwuré lan saka sangisoring sikil-sikilé; lan Panjenengané ngandika: Padha rasakna apa kang wus padha kolakoni.[1924]

يَوْمَ يَغْشٰىهُمُ الْعَذَابُ مِنْ فَوْقِهِمْ وَ مِنْ تَحْتِ اَرْجُلِهِمْ وَ يَقُوْلُ ذُوْقُوْا مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ﴿۵۵﴾

1923. Dalasan siksa ing gesang sapunika, ingkang dipun gégé déning para kafir wau ugi winastan naraka. Éwadéné manawi ayat punika dipun suraos mengku teges siksa ing gesang sasampuning pejah (siksa akhirat), kados déné panyurasoipun sawenèh mufassir, punika inggih meksa ateges: bibar angsal siksa donya lajeng angsal siksa akhirat. Jalaran asring kémawon Quran Suci mangandikakaken kakalihipun wau sambet rapet, ngantos mèh boten saged kasilah-silahaken.

1924. Ukara ingkang makaten punika namung mengku teges, bilih kawontenanipun siksa wau anglimputi piyambakipun, ngantos boten wonten marginipun malih kanggé oncat. Utawi, siksa saking nginggil punika mangsa benter ingkang sanget (ngantos mahanani awis toya lan mejahi tanem tuwuh), déné siksa saking ngandhap, punika peperangan.

56 O, kawula-Ningsun kang padha angèstu! sayekti bumi-Ningsun iku jembar; mulané marang Ingsun dhéwé kuduné pangabdinira.[1925]

يٰعِبَادِيَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنَّ اَرْضِيْ وَاسِعَةٌ فَاِيَّايَ فَاعْبُدُوْنِ ﴿٥٦﴾

57 Sarupaning jiwa iku masthi ngrasakaké mati: tumuli marang-Ingsun sira bakal padha dibalèkaké.

كُلُّ نَفْسٍ ذَآئِقَةُ الْمَوْتِ ثُمَّ اِلَيْنَا تُرْجَعُوْنَ ﴿٥٧﴾

58 Lan para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, iku masthi bakal Ingsun paringi padunungan kang luhur ing patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ing kono; iba ta beciké ganjarané para kang tumandang gawé:[1926]

Ar. *ngisoré*

وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَنُبَوِّئَنَّهُمْ مِّنَ الْجَنَّةِ غُرَفًا تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا ۗ نِعْمَ اَجْرُ الْعٰمِلِيْنَ ﴿٥٨﴾

59 Para kang padha sabar sarta marang Pangérané padha kumandel.

الَّذِيْنَ صَبَرُوْا وَعَلٰى رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُوْنَ ﴿٥٩﴾

60 Lan sapira baé kéwan kang ora anggawa rijekiné; Allah aparing rijeki marang iku lan marang kowé kabèh; lan Panjenengané iku ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni.[1927]

وَكَاَيِّنْ مِّنْ دَآبَّةٍ لَّا تَحْمِلُ رِزْقَهَا ۖ اَللّٰهُ يَرْزُقُهَا وَاِيَّاكُمْ ۖ وَهُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ ﴿٦٠﴾

61 Lan manawa dhèwèké padha sira takoni, sapa kang anitahaké langit-langit lan bumi sarta ambangun-turutaké srengéngé lan rembulan, amasthi bakal padha calathu: Allah. Lah apa karanané, déné dhèwèké padha maléngos?

وَلَئِنْ سَاَلْتَهُمْ مَّنْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَسَخَّرَ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ لَيَقُوْلُنَّ اللّٰهُ ۚ فَاَنّٰى يُؤْفَكُوْنَ ﴿٦١﴾

1925. Punika kanggé anglipur para Muslimin salebetipun dipun kuya-kuya mengsah- mengsahipun. Manawi wonten ing Makkah sami dipun kuya-kuya, piyambakipun mesthi badhé angsal panggènan sanès, ingkang boten wonten panguya-uyanipun ingkang kados makaten wau.

1926. Janji punika sampun dipun jangkepi kanyataanipun wonten ing gesang sapunika punika ugi, tur kalayan muwah-muwah, inggih punika nalika kadhaton-kadhatonipun ingkang linuhung para raja ing Persi tuwin para maharaja ing Rum, kaparingaken déning Pangéran dhateng titiyang Muslimin supados dipun enggèni.

1927. Punika dados pangarem-arem dhateng titiyang Muslimin, bilih anggènipun sami nilar padamelan lan panggaotanipun ing Makkah, punika boten badhé mahanani ing kasangsaran.

62 Allah anjembarakė rijeki tumrap para kawula-Né, sapa kang dikarsakaké, sarta anyumpi tumrap saka (kang dikarsakaké): sayekti, Allah iku marang samubarang Udani.

اَللّٰهُ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَنْ يَّشَآءُ مِنْ
عِبَادِهٖ وَيَقْدِرُ لَهٗ ؕ اِنَّ اللّٰهَ بِكُلِّ
شَیْءٍ عَلِيْمٌ ﴿٦٢﴾

63 Lan manawa dhèwèké padha sira takoni, Sapa sing nurunaké banyu saka mendhung banjur dianggo anguripaké bumi sawisé matiné, amasthi bakal padha calathu: Allah. Calathua: Sadaya pangalembana kagunganipun Allah. O, balik dhèwèké iku sing akèh ora padha ngerti.[1928]

وَلَئِنْ سَاَلْتَهُمْ مَّنْ نَّزَّلَ مِنَ السَّمَآءِ
مَآءً فَاَحْيَا بِهِ الْاَرْضَ مِنْۢ بَعْدِ
مَوْتِهَا لَيَقُوْلُنَّ اللّٰهُ ؕ قُلِ الْحَمْدُ
لِلّٰهِ ؕ بَلْ اَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُوْنَ ﴿٦٣﴾

RUKU' 7

Menangipun para mukmin

64-66. Wilasanipun Pangéran kaparingaken dalasan dhateng para kafir. 67. Wilujeng-ipun nagari Makkah. 68, 69. Para mukmin badhé sami ngraosaken begja.

64 Lan kauripan ing donya iki ora liya kajaba lalahan lan dodolanan; lan sayekti padunungan akhirat iku temen, yaiku urip – yèn ta dhèwèké padha ngertia!

وَمَا هٰذِهِ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَآ اِلَّا لَهْوٌ وَّ
لَعِبٌ ؕ وَاِنَّ الدَّارَ الْاٰخِرَةَ لَهِیَ
الْحَيَوَانُ ۘ لَوْ كَانُوْا يَعْلَمُوْنَ ﴿٦٤﴾

65 Lah nalika dhèwèké padha nunggang ana ing prau, padha nguwuh ing Allah, kalawan tuhu-tuhu sumungkem ing Panjenenganė; ananging bareng Panjenenganė wus nyalametaké dhèwèké marang dharatan, lah ing kono dhèwèké (banjur) anyakuthokaké (Panjenenganė).

فَاِذَا رَكِبُوْا فِی الْفُلْكِ دَعَوُا اللّٰهَ
مُخْلِصِيْنَ لَهُ الدِّيْنَ ۚ فَلَمَّا نَجّٰىهُمْ
اِلَى الْبَرِّ اِذَا هُمْ يُشْرِكُوْنَ ﴿٦٥﴾

Ut. *supaya* .. *angafiri*

Ut. *supaya*

66 *Dadi* dhèwèké padha *ora narima* marang barang paparing-Ingsun ing dhèwèké, sarta *dadi* padha abungah-bungah; ananging dhèwèké bakal padha tumuli weruh.

لِيَكْفُرُوْا بِمَآ اٰتَيْنٰهُمْ ۚۙ وَلِيَتَمَتَّعُوْا ٛ
فَسَوْفَ يَعْلَمُوْنَ ﴿٦٦﴾

1928. Para titiyang wau ingkang kathah boten sami mangertos, bilih bumi Arab ingkang pejah punika, ing sapunikanipun sampun mèh badhé dipun gesangaken.

a. 469
Ar. *lan*

67 Apa ta ora padha weruh, yèn Ingsun wus andadèkaké slameting tanah suci,[a] *mangka* wong-wong padha dibandhang kalawan rudaparipaksa saka ing sakiwa-tengené?[1928A] Apa ta dhèwèké marang panggorohan tansah padha angèstu, sarta marang nugrahaning Allah angafiri?

أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّا جَعَلْنَا حَرَمًا آمِنًا وَيُتَخَطَّفُ النَّاسُ مِنْ حَوْلِهِمْ ۚ أَفَبِالْبَاطِلِ يُؤْمِنُونَ وَبِنِعْمَةِ اللَّهِ يَكْفُرُونَ ﴿٦٧﴾

68 Lan sapa kang luwih anganiaya tinimbang wong kang agawé-gawé goroh tumrap marang Allah utawa anggorohaké marang kasunyatan samangsané iku tumeka marang dhèwèké? Apa panggonan tumrap para kafir iku ora ana ing jeroning naraka?

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا أَوْ كَذَّبَ بِالْحَقِّ لَمَّا جَاءَهُ ۚ أَلَيْسَ فِي جَهَنَّمَ مَثْوًى لِلْكَافِرِينَ ﴿٦٨﴾

69 Lan para kang padha anyarempeng ing dalem (prakara)-Ningsun, yekti bakal padha Ingsun tuntun ing dadalan-Ingsun; lan sayekti Allah iku temen anyartani para kang padha agawé becik.

وَالَّذِينَ جَاهَدُوا فِينَا لَنَهْدِيَنَّهُمْ سُبُلَنَا ۚ وَإِنَّ اللَّهَ لَمَعَ الْمُحْسِنِينَ ﴿٦٩﴾

1928A. lngkang kalebet tanah haram (tanah suci) punika kitha Makkah tuwin tanah ing sakukubanipun sawatawis mil. Ing salebetipun wawates wau perang ingawisan. Déné ingkang dipun karsakaken *wong-wong padha dibandhang kalawan rudaparipeksa*, punika makaten: ing satanah Arab bandha lan nyawa punika kalangkung anggènipun boten aman, suprandosipun boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang wantun nerak wawaler kasucianipun tanah Makkah. Tanah *haram* boten katerak wawalering kasucianipun ngantos pinten-pinten abad laminipun, minangka dunungipun wonten ing nagari, ingkang titiyangipun sakalangkung anggènipun remen peperangan tuwin sakalangkung anggènipun bodho, punika sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi punika gumelaring kawasa saha mahawikanipun Pangéran ingkang élok.

سُورَةُ الرُّومِ مَكِّيَّةٌ (٣٠)

SURAT 30

AR-RUM

(*Para titiyang Rum*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*6 ruku', 60 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Piweca ingkang ageng.
Ruku' 2. Papanthan kalih.
Ruku' 3. Wewedharing kawasanipun Pangéran wonten ing jagad.
Ruku' 4. Éwah-éwahan.
Ruku' 5. Cabaripun ingkang milawani.

Namanipun, gathuking suraosipun, tuwin titimangsaning tumurunipun

Namanipun surat punika mendhet saking piweca wigatos bab menangipun para titiyang Rum kaliyan titiyang Persi, ingkang nalika jamanipun piweca punika kadhawuhaken para titiyang Persi wau sampun angrabasa saindhenging kitha Konstantinopel. Nanging kawigatosanipun surat punika boten namung wonten ing piweca punika kémawon, nanging wonten ing prakawis sanès sarta asareng punika piweca ingkang langkung adiluhung malih kaundhangakеn. Inggih punika: piweca bab menangipun para Muslimin kaliyan mengsahipun ingkang kiyat, titiyang Quraisy. Kawontenan punika sèwu mokal yèn sageda dipun kinten-kintenaken ing manusa mawi adhadhasar wutah gumelaring kawontenan. Piweca punika kanyataan wahananipun wonten ing prang Badr, ingkang kelampahanipun nunggil taun kaliyan menangipun titiyang Rum kaliyan titiyang Persi. Tumrap surat Makkiyah kawan iji ingkang kagolong ing golongan punika, inggih punika surat 29, 30, 31 lan 32, ingkang sami kawiwitan kaliyan *Alif, lâm, mîm*, punika ing dalem saprakawis sadaya sami anyebutaken, inggih punika sabda pangandika ingkang adiluhung ingkang mangandikakaken bilih satunggaling umat ingkang ageng badhé dipun jumenengaken saking bumi Arab ingkang pejah, sarta piweca ingkang makaten punika nadiyan kasebutaken wonten ing surat-surat wau sadaya, nanging ingkang cetha piyambak ingkang kasebut ing ngriki punika. Para mufassir sarujuk sami amastani surat punika wahyu Makkiyah (AH), déné titimangsaning tumurunipun, miturut wawaton ingkang saé piyambak ing nalika taun ingkang kaping nem utawi pitu sadèrèngipun hijrah; dados menggah ing babipun ingkang karembag lan menggah ing tumurunipun, surat punika kénging kagolongaken kaliyan surat ingkang sampun, sami déné kagolong wahyu Makkiyah jaman tengahan ingkang sepuh.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika kawiwitan kalayan anyebutaken kawonipun titiyang Rum, tumunten lajeng mangandikakaken piweca bab menangipun tiyang Rum kaliyan mengsahipun, sarta malih amahyakaken piweca bab kamenanganipun ingkang ageng para Muslimin kaliyan para ingkang sami nganiaya piyambakipun, ing wekdal wau ugi. Ruku' ingkang kaping kalih mangandikakaken papanthan kalih, titiyang mukmin lan titiyang kafir, sarwi anyebutaken bilih kawontenanipun golongan kakalih wau tumunten badhé walik grembyang, para Muslimin gentos wonten ing nginggil. Ruku' ingkang kaping tiga nyebutaken gumelaring kuwaosipun Pangéran wonten ing sagung dumados, minangka kanggé anedahaken bilih gumelaring kawasanipun Pangéran wau ugi badhé adamel kamenanganipun Islam. Ruku' ingkang kaping sakawan anerangaken bilih kamenanganipun ruhani Islam, punika prakawis

RUKU' 1

Piweca ingkang ageng

1-3. Piweca kamenanganipun titiyang Rum anglindhih titiyang Persi. 4-7. Nunggil para Muslim angsal kamenangan anglindhih tiyang kafir. 8-10. Para bangsa ingkang kinawasa sami dipun dadosaken asor.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ﴿﴾

a. 11 — 1 Ingsun, Allah, Ingkang-Mahawikan.[a]

الٓمّٓ ۚ ﴿١﴾

2 Kalah wong-wong Rum,[1929]

غُلِبَتِ الرُّوْمُ ﴿٢﴾

Ar. *kalahé* — 3 Ing tanah kang cedhak, lan dhèwèké, sawisé *kalah*, bakal ngalahaké,[1930]

فِيْٓ اَدْنَى الْاَرْضِ وَهُمْ مِّنْۢ بَعْدِ غَلَبِهِمْ سَيَغْلِبُوْنَ ﴿٣﴾

ingkang sampun yakin, jalaran agami Islam punika cocog kaliyan kudrat dumadosipun manusa lan laras kaliyan paugeran ingkang kedah dados dhadhasaring agaminipun kudrat manusa, milanipun boten kénging boten wasananipun kudrat dumadosipun manusa punika mesthi ketarik dhateng Islam, lah sajagad mesthi badhé ngajengi Islam. Kasebutaken wonten ing ruku' sambetipun, kamenangan punika badhé dipun rampungi déning éwah-éwahan ageng ingkang angédab-édabi ing tanah Arab. Para ingkang sami semang-semang dhateng kelampahanipun éwah-éwahan ageng wau, margi agenging panglawan dhateng kamajenganipun Islam, sami dipun pangandikani wonten ing ruku' ingkang wekasan, bilih sirnaning panglawan punika prakawis ingkang sampun yakin boten kénging boten.

1929. Para kawulanipun karajan Rum manawi mastani awakipun piyambak: wong Rum; déné nama "wong Yunani (Griek)'. ingkang kaanggep sami kaliyan 'wong kafir' tegesipun, punika tumrap para titiyang wau dados tembung pangina (*Arab Conguest of Egypt*, déning Butler, wewahan katrangan ing kaca 141). Dados tembung Rum dipun jarwani 'wong Yunani' utawi 'Griek', kados kalimrahanipun para tukang anjarwakaken Quran ing basa Inggris, punika kirang trep.

1930. Peperangan antawisipun Karajan Persi kaliyan Karajan Rum, punika wontenipun ngantos dangu sanget. Peperangan ageng ingkang wasananipun tiyang Persi ingkang menang, kawiwitan nalika taun Masehi 602, inggih punika nalika Kisra II ing Persi wiwit merangi Rum kanggé ngalap pulih ing pejahipun Maurice ingkang dipun cidra Phocas. "Wadyabalanipun Sang Kisra Persi anjarah rayah tanah Siriyah tuwin Asia Alit, sarta ing nalika taun 608 ngangsek dhateng Khalcedon. Nalika taun 613 tuwin 614 Damaskus lan Yerusalem kabedhah sénapati Syahabaraz, Salib Suci kabandhang. Boten let dangu, Mesir ugi bedhah. Titiyang Rum namung saged nanggulangi sawatawis, awit tiyang Rum piyambak pecah-pecah pasulayan ing antawisipun piyambak sarta margi kaplèpèt déning bangsa Avars tuwin bangsa Slavs" (*En. Br.* Art."Khosrus II"). Nalika pawartos kamenanganipun tiyang Persi wau dumugi ing Makkah, titiyang Quraisy lajeng sami bingah-bingah. Mila makaten awit titiyang Quraisy wau anjagoi titiyang Persi tukang manembah latu, déné titiyang Nasrani (titiyang Rum punika sami tiyang Nasrani, *pen*) margi gadhah cecepengan kitab suci, déning tiyang Quraisy kagolongaken kaliyan kaum Muslimin. Sajakipun anggènipun sami bingah-bingah wau sabab manut kayakinanipun kasoripun titiyang Nasrani wau dados cacala badhé kawonipun para Muslimin, jer Quran marambah-rambah mecakaken para Muslimin badhé unggul lan menang kaliyan titiyang Quraisy. Nalika Quran angundhangaken dhawuh punika, nalika taun 615 utawi 616; suraosipun mengku piweca warni kalih, inggih punika, sapisan mecakaken bilih tiyang Persi ingkang menang, ingkang sampun nyangklek

wonten sangajenging gapuranipun kitha Konstantinopel, punika calon dipun kawonaken tiyang Rum, ingkang nalika ing wekdal wau kalangkung anggènipun telas kakiyatanipun. Piweca ingkang kaping kalih mecakaken bilih titiyang Makkah ingkang kuwaos punika badhé dipun kawonaken titiyang Muslimin ingkang sakedhik cacahipun tur kinuya-kuya punika.

Bab prakawis kelampahanipun wahananing piweca warni kalih punika, saged kanyatakaken namung sarana ningali serat babad ingkang nerangaken kawontenan nalika taun 624 sarta taun ing sapengkeripun. Saèstu, kalampahanipun piweca punika saged damel sungsang buwana balik tumrap Karajan Persi ingkang kiyat punika, makaten ugi saged damel "jarak mrajak jati mati" tumrap para mengsahipun para Muslimin ingkang sakalangkung santosa, tur kelampahanipun wau namung wonten salebeting wekdal ingkang sakedhap sanget, inggih punika sangang taun, manut wawangen ingkang sampun katamtokaken piweca wau. (Miturut sawarnining wawaton, tembung *bidl'un*, punika tegesipun: wekdal wiwit tigang taun dumugi sanga utawi sadasa taun). "Nalika taun 624, Heraclius ngangsek dhateng tanah Media-lèr, ing ngriku piyambakipun nglebur candhi ageng pamujan-latu ing Goudzak" (*En, Br*. Art."Khosrus II").

Ing taun wau ugi, kaum Muslimin cacah 313, nanging ingkang kathah sami laré nèm-nèman ingkang taksih tlondho saha dèrèng gadhah pangalaman, tur prasasat tanpa dadamel, saged ngawonaken prajurit Quraisy ingkang kiyat cacah sèwu jiwa, saged mejahi para panuntun Quraisy lan saged nandukakken panempah ingkang anggigirisi tumrap panguwaosipun mengsah. Ungguling yudanipun wadyabala Muslimin, tuwin kamenanganipun prajurit Rum, lastantun tumindhak terus ngantos ambrukipun babar pisan panguwaos Quraisy nalika jaman bedhahipun nagari Makkah nalika taun 630, déné "Karajan Persi, sasampunipun ngalami kaluhuran agung wiwit sadasa taun kapengker, lajeng mawut-mawut tan mangga puliha' (*En. Br.*)

Kula sumanggakaken dhateng para maos ingkang adil panimbangipun, kados pundi anggènipun manggalih, punapa saged namung lugu wawasan pulitik kémawon, namtokaken kanthi trep kelampahanipun kawontenan ingkang boten saged kakinten-kintenaken wau? Utawi punapa ing babad naté wonten wawasan pulitik ingkang sami drajatipun kaliyan piweca warni kalih kados ingkang kawengku ing dhawuh punika? Kala punapa naté wonten wawasan pulitik ingkang wantun mastani, bilih satunggaling karajan ingkang kiyat, ingkang sampun saged ngiles-iles karajan sanès ingkang ugi kiyat, ingkang salebetipun piten-pinten taun tansah saged angebroki laladaning mengsah, ngantos prajuritipun dumugi wonten ing sangajenging kontenipun kitha karajaning mengsah – punika badhé gentos dipun kawonaken, gentos kécalan laladan, sarta ngantos katempuh telenging karajanipun? Kawimbuhan malih déné kelampahanipun wau wonten ing salebeting wekdal ingkang sakedhap sanget, ingkang boten cekap kanggé anukulaken reresah wonten ing antawising prajuritipun karajan ingkang menang, lan boten cekap kanggé mulihaken prajuriting karajan ingkang kawon, ingkang prasasat sampun remuk-bubuk wau? Malih, kala punapa wawasan pulitik saged ambedhèk, bilih tiyang ingkang namung sakedhik cacahipun, ingkang boten jangkep tiyang satus, tur ingkang sanget anggènipun nandhang panganiaya lan panguya-uya, ngantos kapeksa sami ngungsi dhateng nagari sanès, punika ing salebetipun sangang taunan saged ngawonaken bangsanipun sadaya ingkang sami prigel ulah dadamel? Boten prabéda lan "hari-wartinipun'' tuwan Wherry, tiyang Arab punika ugi saged mawas lan saged anjangka, sarta tiyang Arab wau anggènipun mastani piweca warni kalih punika: *pangomyangé wong owah*, dados sami kémawon kaliyan tiyang jaman samangké manawi mastani piweca. Nanging tuwan Palmer gadhah pamanggih, ingkang kénging kanggé ambuktèkaken lepating pamanggihipun tuwan Wherry, makaten: "Titiyang Yunani (titiyang Rum) sanget anggènipun nandhang kacilakan, ngantos katingalipun tangèh lamun saged mumulih icaling jayanipun, sarta ing taun candhakipun titiyang Persi ngangsek angepang kitha Konstantinopel."

Tuwan Rodwell ngedalaken réka kanggé ngirangi wigatosipun piweca punika, sarana nerangaken bilih sandhangan utawi jabar jèr-ipun seratan Arab, punika wontenipun kantun, milanipun ayat punika sogad-saged kémawon, dipun waos kados jarwan ing nginggil, "Lan Dhèwèké, sawisé kalah, bakal ngalahaké," utawi dipun waos *sayuglabûn*, "Lan Dhèwèké sawisé kalah, bakal dikalahake." Manawi waosan cara tuwan Rodwell punika dipun anggé, ukaranipun lajeng ruwet boten kanten-kantenan, temah boten teges babar pisan. Kajawi punika, lajeng punapa tegesipun *ing dina iku para mukmin padha bungah?* Awit manawi nganggé waosan cara tuwan Rodwell wau, tiyang mukmin boten *bingah* nanging malah *susah*, mangka jabar jèr mesthi kémawon boten saged ngéwahaken tembung *yafrahûn* dados *yahzanûn*! Éwadéné inggih sampun, awit ingkang sampun genah kémawon, wontenipun pamanggih ingkang boten leres wau, tuwuh awit saking boten mangertosipun dhateng caraning

4 Ing sajroné sawatara taun. Kagunganing Allah paréntah iku, ing sadurungé lan ing sawisé; lan ing dina iku para mukmin padha bungah,

فِي بِضْعِ سِنِينَ ۗ لِلَّهِ الْأَمْرُ مِن
قَبْلُ وَمِن بَعْدُ ۚ وَيَوْمَئِذٍ يَفْرَحُ
الْمُؤْمِنُونَ ﴿٤﴾

5 Kalawan pitulunging Allah;[1931] Panjenengané iku amitulungi sapa kang dikarsakaké; sarta Panjenenengané iku Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih:

بِنَصْرِ اللَّهِ ۚ يَنصُرُ مَن يَشَاءُ ۖ وَهُوَ
الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ﴿٥﴾

6 (Iki) janjining Allah! Allah ora bakal nyulayani janji-Né, ananging akèh-akèhing manusa ora padha weruh.

وَعْدَ اللَّهِ ۖ لَا يُخْلِفُ اللَّهُ وَعْدَهُ وَلَٰكِنَّ
أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٦﴾

Ar. *lan*

7 Dhèwèké padha weruh kalahiraning kauripan donya, *ananging* babagan akhirat dhèwèké padha léna.

يَعْلَمُونَ ظَاهِرًا مِّنَ الْحَيَاةِ الدُّنْيَا
وَهُمْ عَنِ الْآخِرَةِ هُمْ غَافِلُونَ ﴿٧﴾

8 Apa ta dhèwèké ora padha angangen-angen ing awaké dhéwé, (yèn) Allah, anggoné anitahaké langit-langit lan bumi sarta barang kang ana ing saantarané loro iku ora liya kajaba kalawan kasunyatan, sarta (kanggo) ing mangsa kang wus tinamtu? Lan sayekti,

أَوَلَمْ يَتَفَكَّرُوا فِي أَنفُسِهِم ۗ مَّا خَلَقَ
اللَّهُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا
إِلَّا بِالْحَقِّ وَأَجَلٍ مُّسَمًّى ۗ وَإِنَّ

anggènipun dhawuh Quran kawulangaken. Saben wonten dhawuh ingkang tumurun, kathah tiyang ingkang lajeng ngapilaken dhawuh wau, sarta ing salebetipun salat jama'ah (salat sasarengan) dhawuh ingkang tumurun wau tansah kawaos marambah-rambah lan wongsal-wangsul, dadosipun, *kaselak mokal* manawi prakawis legena-suku-wulunipun tetep boten gumathok. Langkung-langkung, wonten pasaksèn malih ingkang terang gamblang, makaten: nalika ayat punika katurunaken, wonten sangajengipun tiyang kathah Bagéndha Abu Bakar ambadhé bilih titiyang Rum mesthi badhé saged ngawonaken (inggih punika jarwanipun ingkang leres tembung *sa-yaglibun*) mengsahipun ing salebetipun wekdal tigang taun; Ubaiy bin Khalf, tiyang kafir, maiben; wasana lajeng sami anjanjèkaken toh unta sadasa. Kanjeng Nabi suci miyarsa, lajeng ngandika dhateng Bagéndha Abu Bakar bilih wawangen tigang taun wau boten leres, jalaran *bidl'un* punika ateges *tiga dumugi sadasa taun*. Awit saking punika wawangen wau lajeng dipun ulur, déné tohipun lajeng dipun inggahaken dados unta satus. Lah punika anedahaken sapinten genging kayakinanipun para sahabat dalah Kanjeng Nabi Suci piyambak ing badhé kelampahanipun saèstu wahananing piweca punika (Rz).

1931. Pitulunging Allah punika pitulung ingkang sampun marambah-rambah kajanjèkaken dhateng para mukminin lumawan titiyang musyrik Makkah. Dados dhawuh wau piweca ingkang terang gamblang, bilih para Muslimin mesthi badhé menang kaliyan titiyang Makkah ing salebetipun wekdal sangang taun, kapétang wiwit piweca punika kaundhangaken. Wasana piweca punika kanyataan saèstu wahananipun nalika prang Badr.

temen manusa iku sing akèh, kang padha angafiri marang sapatemoné karo Pangérané.

كَثِيرًا مِّنَ النَّاسِ بِلِقَآئِ رَبِّهِمْ لَكٰفِرُونَ ﴿٨﴾

9 Apa ta dhèwèké padha ora lalaku ing bumi, banjur padha andeleng, kapriyé kawusananané para ing sadurungé awaké? Iki padha luwih prakosa tinimbang dhèwèké sarta padha andhudhuki lemah,[1932] apa déné padha agawé yayasan ing kono luwih akèh tinimbang olèhé gawé yayasan ing kono, lan para rasulé padha anekani dhèwèké kalawan bukti-bukti cetha: lah ora *pisan* Allah iku anganiaya dhèwèké, ananging dhèwèké kang padha anganiaya jiwané dhéwé.

Ut. *mung-guh*

أَوَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنظُرُوا
كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ
كَانُوٓا أَشَدَّ مِنْهُمْ قُوَّةً وَأَثَارُوا الْأَرْضَ
وَعَمَرُوهَآ أَكْثَرَ مِمَّا عَمَرُوهَا وَجَآءَتْهُمْ
رُسُلُهُم بِالْبَيِّنٰتِ ۖ فَمَا كَانَ اللَّهُ
لِيَظْلِمَهُمْ وَلٰكِن كَانُوٓا أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿٩﴾

10 Tumuli, temahané para kang atindak ala, iku ala,[1933] amarga padha anggorohaké timbalan-timbalaning Allah, sarta iki dhèwèké gawéné angguguyu.

ثُمَّ كَانَ عَاقِبَةَ الَّذِينَ أَسَٰٓـُٔوا السُّوٓأَىٰٓ
أَن كَذَّبُوا بِـَٔايٰتِ اللَّهِ وَكَانُوا
بِهَا يَسْتَهْزِءُونَ ﴿١٠﴾

RUKU' 2

Papanthan kalih

11-18. Para tulus sarta para dosa sami nampèni pituwasipun piyambak-piyambak. 19. Bangsa pejah dipun gesangaken.

11 Allah iku amurwani titah, banjur angambal-ambali dumadiné, tumuli marang Panjenengané anggonira bakal binalèkaké.

اللَّهُ يَبْدَؤُا الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُۥ ثُمَّ
إِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿١١﴾

a. 8

12 Lan ing waktu[a] tekaning wayahé, para wong dosa bakal padha kapedhotan pangarep-arep.

وَيَوْمَ تَقُومُ السَّاعَةُ يُبْلِسُ الْمُجْرِمُونَ ﴿١٢﴾

1932. Andhudhuki siti punika kalebet ugi ngulah siti kawedalaken asilipun, andhudhuk pelikan sarta damel ilèn-ilèn lan susukan-susukan, makaten ugi kanggé masang tatalesing griya-griya.

1933. Éndah temenan dhawuh ingkang anggambaraken angger-anggering "awon angsal woh awon" punika.

Ut. *sakuthon-sakuthoné*

13 Lan *sesembahan kang padha disakuthokaké marang Allah* ora ana kang dadi palantaran tumrap dhèwèké, sarta dhèwèké bakal padha dadi wong kang angafiri sakuthon-sakuthoné.

وَلَمْ يَكُن لَّهُم مِّن شُرَكَآئِهِمْ شُفَعَٰٓؤُا۟
وَكَانُوا۟ بِشُرَكَآئِهِمْ كَٰفِرِينَ ﴿١٣﴾

b. 8

14 Lan ing waktu[b] tekaning wayahé, ing waktu iku dhèwèké bakal padha apipisahan.

وَيَوْمَ تَقُومُ ٱلسَّاعَةُ يَوْمَئِذٍ يَتَفَرَّقُونَ ﴿١٤﴾

15 Wondéné para kang padha angèstu sarta padha anglakoni panggawé becik, bakal padha disenengaké ing sajroning taman.

فَأَمَّا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ
فَهُمْ فِى رَوْضَةٍ يُحْبَرُونَ ﴿١٥﴾

16 Déné para kang padha kafir sarta padha anggorohaké timbalan-timbalan-Ingsun apa déné sapatemon akhirat, lah iku bakal padha diirit marang pasiksan.

وَأَمَّا ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَكَذَّبُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا
وَلِقَآئِ ٱلْءَاخِرَةِ فَأُو۟لَٰٓئِكَ فِى ٱلْعَذَابِ
مُحْضَرُونَ ﴿١٦﴾

17 Mulané Mahasuci Allah iku, samangsané sira manjing wayah wengi lan samangsané sira manjing wayah bangun.

فَسُبْحَٰنَ ٱللَّهِ حِينَ تُمْسُونَ وَحِينَ
تُصْبِحُونَ ﴿١٧﴾

18 Lan kagungané Panjenengané pangalembana ing langit-langit lan bumi iku, sarta ing wayah 'asar apa déné samangsané sira ana ing wayah luhur.[1934]

وَلَهُ ٱلْحَمْدُ فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ
وَعَشِيًّا وَحِينَ تُظْهِرُونَ ﴿١٨﴾

19 Panjenengané angetokaké barang urip saka barang mati, lan angetokaké barang mati saka barang urip, sarta anguripaké bumi

يُخْرِجُ ٱلْحَىَّ مِنَ ٱلْمَيِّتِ وَيُخْرِجُ
ٱلْمَيِّتَ مِنَ ٱلْحَىِّ وَيُحْىِ ٱلْأَرْضَ

1934. Sampun terang sembahyang gangsal wekdal, ingkang katuju ing karsa wonten ing ayat punika tuwin ing ayat sadèrèngipun. Sembahyang ing wanci dalu punika sembahyang magrib tuwin sembahyang 'isya'. Sembahyang gangsal wekdal punika sampun katindakaken wonten ing Makkah, sarta papan-papan ingkang dipun anggé nindakaken sembahyang sasarengan titiyang Muslimin, punika sampun kasebut wonten ing hadits-hadits ingkang nerangaken prakawis- prakawis ingkang magepokan kaliyan anggènipun mumulang Kanjeng Nabi nalika jaman wiwit-wiwitan.

sawisé matiné, lan kaya mangkono iku anggonira bakal padha diwetokaké.[1934A]

بَعْدَ مَوْتِهَا ۚ وَكَذَٰلِكَ تُخْرَجُونَ ﴿١٩﴾

RUKU' 3

Wewedharing kawasanipun Pangéran wonten ing jagad

20-25. Warni-warni wewedharing kawasanipun Pangéran. 26, 27. Sadaya sami sumarah dhateng kawasa-Nipun.

20 Lan sawenèh saka tandha-tandha-Né yaiku déné Panjenengané wus anitahaké sira saka lebu; tumuli, ing kono sira dadi manusa (kang) sumebar.

وَمِنْ آيَاتِهِ أَنْ خَلَقَكُمْ مِنْ تُرَابٍ ثُمَّ إِذَا أَنْتُمْ بَشَرٌ تَنْتَشِرُونَ ﴿٢٠﴾

Ar. *jodho-jodhoné*

Ut. *tumiyung marang dhèwèké*

21 Lan sawenèh saka tandha-tandha-Né yaiku déné Panjenengané wus anitahaké *jodho* tumrap marang sira saka (jinis)-ira, supaya sira padha *olèh tentreming ati ing kono*, sarta Panjenengané wus adamel sih lan welas ing antaranira;[1935] sayekti ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha mikir.

وَمِنْ آيَاتِهِ أَنْ خَلَقَ لَكُمْ مِنْ أَنْفُسِكُمْ أَزْوَاجًا لِتَسْكُنُوا إِلَيْهَا وَجَعَلَ بَيْنَكُمْ مَوَدَّةً وَرَحْمَةً ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ ﴿٢١﴾

22 Lan sawenèh saka tandha-tandha-Né yaiku tumitahing langit-langit lan bumi sarta béda-bédané basanira tuwin warnanira; sayekti, ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap para ahli kawruh.

وَمِنْ آيَاتِهِ خَلْقُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَاخْتِلَافُ أَلْسِنَتِكُمْ وَأَلْوَانِكُمْ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِلْعَالِمِينَ ﴿٢٢﴾

23 Lan sawenèh saka tandha-tandha-Né yaiku turunira sarta pangupayanira lubèring paparing-É ing wengi lan raina; sayekti ing

وَمِنْ آيَاتِهِ مَنَامُكُمْ بِاللَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَابْتِغَاؤُكُمْ مِنْ فَضْلِهِ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ

1934A. Dhawuh punika nerangaken kalayan terang bilih satunggaling umat ingkang ageng badhé kajumenengaken saking antawisipun bangsa Arab, ingkang sampun pejah ruhani saha akal budinipun.

1935. Rapeting sasambetanipun jaler lan èstri (inggih punika laki lan rabi), punika kadhawuhaken kalayan tetembungan, ingkang anggènipun nerangaken raketing manunggilipun kalangkung sanget, ngantos kathah tiyang ingkang lajeng kalèntu panampinipun, kakinten bilih dhawuh wau mengku teges mangandikakaken dumadosipun tiyang èstri punika saking tiyang jaler. Nanging Quran sampun cetha dhawuhipun lan sampun terang punapa suraosipun, nalika Quran nyasmitakaken tatangsuling sih lan welas, makaten ugi tentreming manah ingkang dipun panggih tiyang ingkang sésémahan wonten ing

لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَسْمَعُونَ ﴿٢٣﴾

kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha angrungokaké.

وَمِنْ آيَاتِهِ يُرِيكُمُ الْبَرْقَ خَوْفًا وَطَمَعًا وَيُنَزِّلُ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَيُحْيِي بِهِ الْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يَعْقِلُونَ ﴿٢٤﴾

24 Lan sawenèh saka tandha-tandha-Né yaiku déné Panjenenganéné ameruhaké sira ing kilat anjalari kuwatir lan pangarep-arep sarta déné Panjenenganéné anurunaké banyu saka ing mendhung, banjur diagem anguripaké bumi sawisé matiné; sayekti ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha mangerti.

وَمِنْ آيَاتِهِ أَن تَقُومَ السَّمَاءُ وَالْأَرْضُ بِأَمْرِهِ ۚ ثُمَّ إِذَا دَعَاكُمْ دَعْوَةً مِّنَ الْأَرْضِ إِذَا أَنتُمْ تَخْرُجُونَ ﴿٢٥﴾

25 Lan sawenèh saka tandha-tandha-Né yaiku déné langit-langit lan bumi iku madeg amarga saka paréntah-É; tumuli, samangsané Panjenenganéné anguwuh sira kalawan panguwuh (sapisan baé) saka ing bumi, ing kono sira (banjur) padha metu.

وَلَهُ مَن فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۖ كُلٌّ لَّهُ قَانِتُونَ ﴿٢٦﴾

26 Lan kagunganéné Panjenenganéné apa baé kang ana ing langit-langit lan ing bumi, kabèh ambangun turut marang Panjenenganéné.

وَهُوَ الَّذِي يَبْدَأُ الْخَلْقَ ثُمَّ يُعِيدُهُ وَهُوَ أَهْوَنُ عَلَيْهِ ۚ وَلَهُ الْمَثَلُ الْأَعْلَىٰ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ وَهُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٢٧﴾

27 Lan Panjenenganéné iku Kang amurwani titah, tumuli angambal-ambali dumadiné, sarta iku gampang ingatasé Panjenenganéné; sarta kagunganéné Panjenenganéné sifat linuhung ing langit-langit lan bumi iku, lan Panjenenganéné iku Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Wicaksana.

RUKU' 4

Islam punika angetrepi kodrat dumadosing manusa

28, 29. Kasawijèn punika pancèn anggathuki trep kaliyam dumadosipun manusa. 30-32. Agamining jagad ingkang sampun kinodrat tumrap manusa. 33. 34. Ing salebeting nandhang rekaos anguwuh Gusti Allah. 35-37. Boten wonten wisésa gumadhuh panembah-pangéran-kathah. 38-40. Lampah welas sasamining manusa kaliyan Mahatunggal Gusti Allah punika tatalesing agamining jagad.

sémahipun wau. Saèstu ayat punika maringi dhateng kula sami idham-idhaman cara Islam ing bab manunggilipun laki lan rabi.

Ar. *saka*
Ut. *kawula-nira*
Ar. *anggon-ira nguwa-tiraké*
Ar. *anggon-ira nguwa-tiraké*
Ar. *awakira*

28 Panjenengané akarya sanépa tumrap marang sira *prakara* awakira:[1936] Apa sawenèhing para *kang kadarbé ing tanganira tengen* ana kang dadi sakuthunira – andharbèni ing rijeki paparing-Ingsun marang sira, (kang) wusanané ing dalem prakara iki sira dadi padha – *pangémanira* marang dhèwèké kaya *pangémanira* marang *antaranira*? Kaya mangkono anggon-Ingsun amijangaké timbalan-timbalan tumrap wong kang padha mangerti.

ضَرَبَ لَكُم مَّثَلًا مِّنْ أَنفُسِكُمْ ۖ هَل
لَّكُم مِّن مَّا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُم مِّن شُرَكَاءَ
فِي مَا رَزَقْنَاكُمْ فَأَنتُمْ فِيهِ سَوَاءٌ
تَخَافُونَهُمْ كَخِيفَتِكُمْ أَنفُسَكُمْ ۚ كَذَٰلِكَ
نُفَصِّلُ الْآيَاتِ لِقَوْمٍ يَعْقِلُونَ ﴿٢٨﴾

a. 44

29 O, balik para kang padha atindak dudu, iku manut pépénginané kang asor kalawan tanpa kawruh; lah sapa kang bisa nuntun wong kang kasasaraké déning Allah?[a] Sarta dhèwèké ora bakal padha olèh pitulung.

بَلِ اتَّبَعَ الَّذِينَ ظَلَمُوا أَهْوَاءَهُم
بِغَيْرِ عِلْمٍ ۖ فَمَن يَهْدِي مَنْ أَضَلَّ
اللَّهُ ۖ وَمَا لَهُم مِّن نَّاصِرِينَ ﴿٢٩﴾

Ut. *con-dhong*

30 Mulané jejegna rainira ing agama kalawan *legawa* – dumadi kang katitahaké déning Allah, kang Panjenengané wus anitahaké para manusa ana ing kono; ora ana owah-owahé tumrap dumadiné titahing Allah iku; yaiku agama kang jejeg, ananging akèh-akèhé manusa padha ora weruh —[1937]

فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا ۚ فِطْرَتَ
اللَّهِ الَّتِي فَطَرَ النَّاسَ عَلَيْهَا ۚ لَا
تَبْدِيلَ لِخَلْقِ اللَّهِ ۚ ذَٰلِكَ الدِّينُ
الْقَيِّمُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٠﴾

1936. Sanépa punika saged dipun mangertosi sok tiyanga kalayan gampil sanget, sarta maksudipun ingkang mathis inggih sampun cetha awéla-wéla. Manawi bandara lan kawula punika boten sami, lah kados pundi sagedipun sami barang pejah saking antawising titahipun Pangéran, kadosta séla, kaliyan Ingkang-Anitahaken, inggih punika Dhat Ingkang mangrèh saha ingkang nyababaken dumadosipun sagung dumadi?

1937. Miturut ayat punika, Islam, punika agaminipun manusa ingkang laras kaliyan kudratipun, utawi: agami ingkang menggah ing kayektènipun kasaksèn kudrat dumadosipun manusa. Piwulang-piwulangipun Islam ingkang mangka tatales, Kasawijèn saha mahaluhuripun Allah, wahyuning Pangéran ingkang kaparingaken dhateng sagung manusa ing jagad, saha sadaya tiyang bénjing ing gesang sasampuning pejah tanggel dhateng sadaya pandamelipun, sadaya punika dipun akeni sadaya agami lan sadaya umat, sarta anggènipun dipun akeni ing sajagad wau, dados bukti ingkang terang bilih kudrat dumadosipun manusa suka pasaksèn dhateng kasunyatanipun piwulang-piwulang wau. Islam anyirnakaken sawarnining wawates ingkang matesi piwulang ingkang mangka tatalesing agami ingkang kanggé manusa sadaya warni tiga punika, sarta pahamipun Islam dhateng piwulang-piwulang wau sakalangkung wiyar lan momot, nyakup dhateng sagung para manusa. Ing jagad punika boten wonten agami sanèsipun malih, ingkang ngaken dados agami kudrat dumadosing manusa kajawi namung Islam piyambak. Sahabat Abu Hurairah ngriwayataken hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang

31 Kalawan sira madhep marang Panjenengané sarta dituhu marang (wajibira ing) Panjenengané, lan padha anjumenengna salat, tuwin aja padha dadi panunggalané para kang manembah pangéran akèh,

مُنِيبِينَ إِلَيْهِ وَاتَّقُوهُ وَأَقِيمُوا الصَّلٰوةَ وَلَا تَكُونُوا مِنَ الْمُشْرِكِينَ ﴿٣١﴾

32 Panunggalané para wong kang padha mecah-mecah agamané sarta padha dadi panthan-panthan, siji-sijining golongan padha rumasa bungah marang apa kang ana ing awaké.

مِنَ الَّذِينَ فَرَّقُوا دِينَهُمْ وَكَانُوا شِيَعًا ۖ كُلُّ حِزْبٍ بِمَا لَدَيْهِمْ فَرِحُونَ ﴿٣٢﴾

33 Lan samangsa sangsara anempuh para manusa, iki padha nguwuh Pangérané, kalawan madhep marang Panjenengané; tumuli; samangsa Panjenengané angicipaké dhèwèké (marang) wilasa saka Panjenengané, ing kono dhèwèké banjur ana sapérangan kang nyakuthokaké (apa-apa) karo Pangérané.

وَإِذَا مَسَّ النَّاسَ ضُرٌّ دَعَوْا رَبَّهُمْ مُنِيبِينَ إِلَيْهِ ثُمَّ إِذَا أَذَاقَهُمْ مِنْهُ رَحْمَةً إِذَا فَرِيقٌ مِنْهُمْ بِرَبِّهِمْ يُشْرِكُونَ ﴿٣٣﴾

34 Pamrihé arep ora atur panuwun marang apa kang wus Ingsun paringaké ing dhèwèké; ananging padha bungah-bungaha (sawatara suwéné), amarga sira bakal tumuli padha weruh.

لِيَكْفُرُوا بِمَا آتَيْنٰهُمْ ۚ فَتَمَتَّعُوا فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ﴿٣٤﴾

35 Utawa apa Ingsun anurunaké wisésa marang dhèwèké, kang banjur ngandhakaké apa kang padha disakuthokaké karo Panjenengané?[1938]

أَمْ أَنْزَلْنَا عَلَيْهِمْ سُلْطٰنًا فَهُوَ يَتَكَلَّمُ بِمَا كَانُوا بِهِ يُشْرِكُونَ ﴿٣٥﴾

---

nunggil suraos kaliyan dhawuh punika, makaten: "Kabèh bayi iku linahirakė trep karo agama kang sajati (wantahipun, kudrat dumadiné manusa); banjur wong tuwané loro kang andadèkaké dhèwèké dadi Yahudi utawa Nasrani utawa Majusi, lah iya ora béda karo kèwan raja kaya, olèhé dilahiraké ganep anggotané (utawi, mulus tanpa cacad); apa kowé weruh kang anggoné linahiraké wis cacad anggotaning badané?" Panjenenganipun lajeng maos ayat Quran (inggih punika minangka kanggé netepaken pangandikanipun) makaten: "Dumadi kang katitahaké Allah, kang Panjenengané wus anitahaké para manusa ana ing kono; ora ana owah-owahé tumrap dumadiné titahing jejeg." (Bkh).

1938. Boten wontenipun wisésa utawi wawaton ingkang mastani leres tindak damel sesembahan ingkang dipun jèjèraken kaliyan Pangéran Ingkang-Mahaluhur, punika sampun terang manawi katitik saking wutah gumelaring kawontenan, déné boten wonten nabi satunggal kémawon ingkang tampi

36 Lan samangsa manusa Ingsun icipaké ing wilasa, iki andadèkaké padha bungahé, lan manawa padha kataman ribed amarga saka panggawéning tangané kang dhisik-dhisik, ing kono banjur padha pedhot pangarep-arepé.

وَإِذَآ أَذَقْنَا النَّاسَ رَحْمَةً فَرِحُوْا بِهَا ؕ
وَإِنْ تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌۢ بِمَا قَدَّمَتْ
أَيْدِيْهِمْ إِذَا هُمْ يَقْنَطُوْنَ ﴿٣٦﴾

37 Lan apa padha weruh, yèn Allah iku anjembaraké sarta anyumpi rijeki tumrap sapa sing dikarsakaké? Sayekti, ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha angèstu.

أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّ اللّٰهَ يَبْسُطُ الرِّزْقَ
لِمَنْ يَّشَآءُ وَيَقْدِرُ ؕ إِنَّ فِيْ ذٰلِكَ
لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُوْنَ ﴿٣٧﴾

38 Mulané amèwèhana marang para krabat apa beneré sarta marang wong miskin tuwin wong lalaku; iki luwih becik tumrap para kang padha kapéngin pirenaning Allah, lan ya iki para wong begja.[1939]

فَاٰتِ ذَا الْقُرْبٰى حَقَّهٗ وَالْمِسْكِيْنَ
وَابْنَ السَّبِيْلِ ؕ ذٰلِكَ خَيْرٌ لِّلَّذِيْنَ
يُرِيْدُوْنَ وَجْهَ اللّٰهِ ۫ وَأُولٰٓئِكَ
هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ﴿٣٨﴾

39 Lan apa kang sira wetokaké kalawan riba, supaya iku mundhaka saka bandhaning wong-wong, lah iku mungguhing Allah ora bakal mundhak; lan apa kang sira wetokaké kalawan kasucian, kapéngin pirenaning Allah, lah iku kang bakal padha olèh tikel-matikel.[1940]

وَمَآ اٰتَيْتُمْ مِّنْ رِّبًا لِّيَرْبُوَا۟ فِيْٓ أَمْوَالِ
النَّاسِ فَلَا يَرْبُوْا عِنْدَ اللّٰهِ ۚ وَمَآ
اٰتَيْتُمْ مِّنْ زَكٰوةٍ تُرِيْدُوْنَ وَجْهَ
اللّٰهِ فَأُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُضْعِفُوْنَ ﴿٣٩﴾

wahyu saking Pangéran, ingkang andhawuhaken supados nganggep makhluk sami lenggahipun kaliyan Pangéran Ingkang-Anitahaken. Sarupining pangandel bangsanipun ingkang kados makaten wau, kedah kaanggep lepat, jalaran kajawi ingkang makaten wau cengkah kaliyan pasaksènipun kudrat dumadosipun manusa lan cengkah kaliyan nalar, ugi boten awawaton wahyu.

1939. Dadana dhateng sasamining manusa, punika tindak ingkang tuwuh saking piwulang pasadhèrèkanipun manusa sadaya. Déné piwulang pasadhèrèkanipun manusa sadaya, punika salah satunggaling piwulang warni kalih ingkang mangka tatalesipun agami kudrat ingkang kanggé manusa sadaya. Satunggalipun, inggih punika Kapangéranipun Allah, kasebutaken wonten ing ayat ingkang wekasan ing dalem ruku' punika. Rèhning piwulang bab pasadhèrèkanipun manusa sadaya punika agami Islam kadadosaken piwulang ingkang tumus dumugi ing tindak, milanipun bab prakawis punika tansah kasasmitakaken wonten ing dalem Quran, kalayan maujud ing dhawuh, ingkang maréntahaken dhateng manusa atindak welas lan ber-budi dhateng sadhèrèkipun manusa.

1940. Ayat punika migatosaken sanget dadana dhateng sasamining manusa. Ayat punika mangandikakaken bilih sawènèhipun tiyang wonten ingkang ngupados wewahing bandhanipun sarana

40 Allah iku Kang wus nitahaké sira, banjur ngrijekèni sira, tumuli amatèni sira, banjur anguripaké sira. Apa sekuthon-sekuthon sesembahanira ana kang nindakaké mangkono iku sathithik baé? Mahasuci Panjenengané lan Mahaluhur saka barang kang padha disakuthokaké (karo Panjenengané).

اَللّٰهُ الَّذِىْ خَلَقَكُمْ ثُمَّ رَزَقَكُمْ ثُمَّ
يُمِيْتُكُمْ ثُمَّ يُحْيِيْكُمْ ۗ هَلْ مِنْ
شُرَكَاۤىِٕكُمْ مَّنْ يَّفْعَلُ مِنْ ذٰلِكُمْ
مِّنْ شَيْءٍ ۗ سُبْحٰنَهٗ وَتَعٰلٰى عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ٤٠

RUKU' 5

Éwah-éwahan

41, 42. Karisakan anglimputi. 43-45. Teguh angambah margi lurus. 46-50. Tandha-tandhanipun éwah-éwahan ingkang masthi badhé kalempahan. 51-53. Ingkang sami pejah dipun tangèkaken saking sakedhik.

41 Karusakan wus tumimbul ing dharatan lan sagara amarga saka panggawéning tangan-tangané para manusa, amurih Panjenengané angicipaké dhèwèké sawenèhé kang wus padha dilakoni, supaya dhèwèké padha balia (marang Allah).[1941]

ظَهَرَ الْفَسَادُ فِى الْبَرِّ وَالْبَحْرِ بِمَا
كَسَبَتْ اَيْدِى النَّاسِ لِيُذِيْقَهُمْ
بَعْضَ الَّذِيْ عَمِلُوْا لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُوْنَ ٤١

dipun anakaken. Punika ateges ngupados wewahing bandhanipun, sarana adamel kapitunan dhateng bandhanipun tiyang sanès. Nanging tumrap tiyang Islam, manawi badhé mamrih mindhaking bandhanipun, kedah sarana dipun danakaken kanggé tutulung dhateng sadhèrèkipun manusa, kanthi karana Allah.

1941. Babad suka pasaksèn dhateng kayektènipun dhawuh punika. Sadèrèngipun miyos Kanjeng Nabi Suci, karisakan anglimputi sadaya nagari ing jagad punika. *Sagara* ing ngriki saged ateges *pulo-pulo*. Pepeteng anglimputi sadaya nagari ing jagad, sarwi anumusi dhateng pangandel lan pandamelipun manusa. Agami Yahudi, agami Hindu, agami Buddha, agami Kong Hu Cu, tuwin agami Zarathustra, sampun dangu anggènipun boten saged andayani saé dhateng gesangipun tiyang ingkang sami nganggé agami-agami wau. Pandhèrèkipun agami-agami wau, boten namung boten sami nindakaken katulusan kémawon, ananging kojuripun déné malah sami nganggep pandamel asor kaanggep pandamel tulus, sarta kathah kémawon ingkang nganggep para titiyangipun saged tuwin para sesembahanipun sami nindakaken pandamel nistha saha pandamel murang-kasusilan. Agami Nasrani, sami-sami agami ing jagad nalika ing wekdal wau ingkang enèm piyambak, sampun ical sadaya kasucianipun. Tuwan Muir nerangaken makaten: "Agami Nasrani piyambak, punika ing nalika abad kaping pitu sampun gapuk sarta risak." Ing babading donya, karisakan ingkang ngantos kados makaten sumrambahipun, dèrèng naté kalampahan ing sadèrèng-dèrèngipun. Ing salebetipun nem abad laminipun, ing pundi-pundia ing jagad punika, boten wonten ingkang kasorotan ing papadhang saking langit. Kalayan papadhangipun Islam, lan lantaran oboring kawruh saha kamajengan ingkang katunu wonten ing tanah Arab, jaman anyar malethèk, boten namung wonten ing tanah Arab kémawon, nanging ugi wonten ing nagari sanès-sanèsipun. Tanah Eropa ingkang dangu piyambak dumunung wonten ing salebeting pepeteng; saweg nalika oboring kawruh kaurubaken wonten ing Sepanyol déning titiyang Muslimin, Renaissance (jaman Gumarégah) lan Reformasi (jaman Éwah-éwahan) dhateng.

42 Calathua: Padha lalakua ing bumi, banjur padha andelenga, kapriyé wusanané para kang padha (urip) ing dhisik: iku sing akèh para wong manembah pangéran akèh.[1942]

قُلْ سِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَانْظُرُوا كَيْفَ
كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِنْ قَبْلُ ۚ
كَانَ أَكْثَرُهُمْ مُشْرِكِينَ ﴿٤٢﴾

Ut. *anuruta dalan kang bener*

43 Mulané *jejegna rainira ing agama kang jejeg*, sadurungé tekan dina saka ing Allah kang ora kena tinulak; ing dina iku dhèwèké bakal padha sowang-sowangan.

فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ الْقَيِّمِ مِنْ
قَبْلِ أَنْ يَأْتِيَ يَوْمٌ لَا مَرَدَّ لَهُ
مِنَ اللَّهِ يَوْمَئِذٍ يَصَّدَّعُونَ ﴿٤٣﴾

Ut. *iya bakal nyangga tanggungan kafiré*

44 Sapa sing kafir, *kafiré iya anibani awaké dhéwé*, lan sapa sing anglakoni panggawé becik, iku anyadhiyakaké (kabecikan) tumrap marang jiwané dhéwé.

مَنْ كَفَرَ فَعَلَيْهِ كُفْرُهُ ۖ وَمَنْ عَمِلَ
صَالِحًا فَلِأَنْفُسِهِمْ يَمْهَدُونَ ﴿٤٤﴾

45 Supaya Panjenengané angganjar para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik arupa lubèring paparing-É; sayekti Panjenengané iku ora remen marang para kafir.

لِيَجْزِيَ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
مِنْ فَضْلِهِ ۚ إِنَّهُ لَا يُحِبُّ الْكَافِرِينَ ﴿٤٥﴾

46 Lan sawenèh saka tandha-tandha-Né yaiku déné Panjenenganè angutus angin anggawa pawarta bungah, sarta supaya Panjenenganè angicipaké sira ing wilasa-Né, lan supaya prau lumaku saking paréntah-É, tuwin supaya sira padha angupaya lubèring paparing-É, apa déné supaya sira padha atur panuwun.[1943]

وَمِنْ آيَاتِهِ أَنْ يُرْسِلَ الرِّيَاحَ
مُبَشِّرَاتٍ وَلِيُذِيقَكُمْ مِنْ رَحْمَتِهِ
وَلِتَجْرِيَ الْفُلْكُ بِأَمْرِهِ وَلِتَبْتَغُوا
مِنْ فَضْلِهِ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿٤٦﴾

1942. Piwulang Tauhid (mastuti ing Allah Sawiji) sampun kasupèkaken sadaya umat. Dalasan titiyang Yahudi anggènipun sami sumarah dhateng pancasanipun para titiyangipun saged, ngantos kados déné sumarah dhateng Pangéran. Déné agami Nasrani, sampun terang sampun langkung rumiyin anggènipun nglirwakaken Tauhid.

1943. Ayat punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng éwah-éwahan ingkang sampun wiwit cumetha wonten ing jazirah Arab. Punika dados pratandha ingkang terang, badhé wontenipun éwah-éwahan ageng ingkang ing wasananipun meshti badhé kelampahan kanthi sampurna.

Ut. *ing dhèwèké*

47 Lan sayekti, ing sadurungira temen Ingsun wus angutus utusan-utusan marang para bangsané, sarta tekané *mrono* kalawan bukti-bukti terang; tumuli Ingsun amidana para kang padha duraka; lan mitulungi para mukmin iku tetep ing atasé Ingsun.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مِن قَبْلِكَ رُسُلًا إِلَىٰ
قَوْمِهِمْ فَجَاءُوهُم بِالْبَيِّنَاتِ فَانتَقَمْنَا
مِنَ الَّذِينَ أَجْرَمُوا ۖ وَكَانَ حَقًّا
عَلَيْنَا نَصْرُ الْمُؤْمِنِينَ ﴿٤٧﴾

Ut. *sela-selané*

48 Allah iku kang angutus angin, banjur iki angungggahaké méga; banjur Panjenenganè angratakaké iki ana ing langit kaya kang dikarsakaké, sarta Panjenenganè ambedhah iku, temah sira weruh udan metu saka ing *jeroné*; lah samangsa Panjenenganè anurunaké marang kawula-Né kang dadi karsa-Né, ing kono dhèwèké iki padha bungah.

اللَّهُ الَّذِي يُرْسِلُ الرِّيَاحَ فَتُثِيرُ
سَحَابًا فَيَبْسُطُهُ فِي السَّمَاءِ كَيْفَ
يَشَاءُ وَيَجْعَلُهُ كِسَفًا فَتَرَى الْوَدْقَ
يَخْرُجُ مِنْ خِلَالِهِ ۖ فَإِذَا أَصَابَ بِهِ
مَن يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ إِذَا هُمْ
يَسْتَبْشِرُونَ ﴿٤٨﴾

49 Sanajan sadurungé iki, ing sadurungé iku diturunaké marang dhèwèké, dhèwèké putung temenan pangarep-arepé.

وَإِن كَانُوا مِن قَبْلِ أَن يُنَزَّلَ
عَلَيْهِم مِّن قَبْلِهِ لَمُبْلِسِينَ ﴿٤٩﴾

50 Banjur andelenga tabeté wilasaning Allah, kapriyé anggoné Panjenenganè anguripaké bumi sawisé matiné. Sayekti, Panjenenganè iku temen Juru-nguripaké wong mati; lan Panjenenganè iku marang samubarang kawasa.

فَانظُرْ إِلَىٰ آثَارِ رَحْمَتِ اللَّهِ كَيْفَ
يُحْيِي الْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۚ إِنَّ ذَٰلِكَ
لَمُحْيِي الْمَوْتَىٰ ۖ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٥٠﴾

51 Lan manawa Ingsun angutus angin sawiji, banjur iku katon dadi kuning, amasthi sawisé iku dhèwèké ambanjuraké olèhé padha angafiri.[1944]

وَلَئِنْ أَرْسَلْنَا رِيحًا فَرَأَوْهُ مُصْفَرًّا
لَّظَلُّوا مِن بَعْدِهِ يَكْفُرُونَ ﴿٥١﴾

1944. Tembung *iku* wonten ing ayat punika, wangsul dhateng wiji ingkang sampun thukul ingkang wonten ing ayat ingkang sampun katembungaken "anguripaké bumi." Déné suraosipun, wiji ingkang sampun thukul wau saged ugi lajeng dados jené utawi lajeng kadamel alum déning panampeking angin. Maksudipun, mangandikakaken kacilakan ingkang badhé adamel pituna dhateng upayanipun para kafir. Dhawuh punika ugi nyasmitakaken badhé puguhipun para kafir wau wonten ing dalem kakafiranipun, nadyan piyambakipun sami badhé ngalami kasangsaran, kadosta paceklik ageng, utawi angsal tandha

52 Amarga, sayekti sira iku ora bisa agawé krunguné wong mati, sarta ora bisa agawé krunguné wong budheg ing panguwuh, samangsa padha maléngos, mundur.

فَإِنَّكَ لَا تُسْمِعُ الْمَوْتٰى وَلَا تُسْمِعُ
الصُّمَّ الدُّعَآءَ إِذَا وَلَّوْا مُدْبِرِيْنَ ﴿٥٢﴾

53 Lan ora bisa sira anuntun wong-wong wuta saka sasaré. Ora bisa sira agawé krunguné sapasapa, kajaba kang padha angèstu ing timbalan-timbalan-Ingsun, wusana padha dadi *Muslim*.

Ut. *wong sumarah*

وَمَآ أَنْتَ بِهٰدِ الْعُمْيِ عَنْ ضَلٰلَتِهِمْ ۖ
إِنْ تُسْمِعُ إِلَّا مَنْ يُّؤْمِنُ بِاٰيٰتِنَا
فَهُمْ مُّسْلِمُوْنَ ﴿٥٣﴾

RUKU' 6

Cabaripun ingkang milawani

54-57. Ingkang kiyat sami dipun ringkihaken. 58, 59. Puguh anggènipun angemohi. 60. Kasunyataning janji.

54 Allah iku Kang nitahaké sira saka ing ringkih, banjur sawisé ringkih andadèkaké kuwat, tumuli andadèkaké ringkih sarta uwanen sawisé kuwat;[1945] Panjenengané anitahaké apa kang dikarsakaké, sarta Panjenengané iku Ingkang-Angudanèni, Ingkang-Kawasa.

اَللّٰهُ الَّذِىْ خَلَقَكُمْ مِّنْ ضُعْفٍ ثُمَّ
جَعَلَ مِنْۢ بَعْدِ ضُعْفٍ قُوَّةً ثُمَّ
جَعَلَ مِنْۢ بَعْدِ قُوَّةٍ ضُعْفًا وَّشَيْبَةً ۚ
يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ ۚ وَهُوَ الْعَلِيْمُ الْقَدِيْرُ ﴿٥٤﴾

a. 8

55 Lan ing waktu[a] tekaning wayahé, para wong dosa bakal padha sepata, (yèn) olèhé padha manggon mung saejam; kaya mangkono iku anggoné tansah diénggokaké.

وَيَوْمَ تَقُوْمُ السَّاعَةُ يُقْسِمُ الْمُجْرِمُوْنَ ۙ
مَا لَبِثُوْا غَيْرَ سَاعَةٍ ۚ كَذٰلِكَ كَانُوْا
يُؤْفَكُوْنَ ﴿٥٥﴾

56 Lan para kang kaparingan ngilmu lan iman bakal calathu: Sayekti, *miturut undhang-undhang ing* Allah, temen olèhmu padha manggon tumeka ing *dinaning tangi*; lah iki dinaning tangi, ananging kowé kang mau padha ora weruh.

Ar. *ing dalem kitabing*

Ut. *kiyamat*

وَقَالَ الَّذِيْنَ أُوْتُوا الْعِلْمَ وَالْإِيْمَانَ
لَقَدْ لَبِثْتُمْ فِيْ كِتٰبِ اللّٰهِ إِلٰى يَوْمِ
الْبَعْثِ ۖ فَهٰذَا يَوْمُ الْبَعْثِ وَلٰكِنَّكُمْ
كُنْتُمْ لَا تَعْلَمُوْنَ ﴿٥٦﴾

ingkang terang ingkang nélakaken susuting panguwaosipun, kados déné ingkang sami dipun sumerepi nalika wonten ing prang Badr tuwin wonten ing paprangan sanès-sanèsipun.

1945. Ing ngriki punika mengku sasmita ingkang lebet bab prakawis angger-angger bab adegipun, thukulipun, tuwin risakipun umat (bangsa).

57 Ananging ing dina iku, para kang padha atindak dudu, prasabené angènthèngaké kaluputan wis bakal ora migunani, sarta ora bakal padha rinengkuh kalawan sarju.

فَيَوْمَئِذٍ لَّا يَنفَعُ الَّذِينَ ظَلَمُوا
مَعْذِرَتُهُمْ وَلَا هُمْ يُسْتَعْتَبُونَ ٥٧

58 Lan sayekti, ing sajroning Quran iki temen Ingsun wus agawé sarupaning sanépa tumrap para manusa; lan manawa sira anekakaké sawijining timbalan marang dhèwèké, amasthi para kang padha kafir bakal acalathu: Kowé iku ora liya kajaba mung para wong doracara.

وَلَقَدْ ضَرَبْنَا لِلنَّاسِ فِي هَٰذَا الْقُرْآنِ
مِن كُلِّ مَثَلٍ ۚ وَلَئِن جِئْتَهُم بِآيَةٍ
لَّيَقُولَنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا إِنْ أَنتُمْ
إِلَّا مُبْطِلُونَ ٥٨

59 Kaya mangkono Allah angecap ing ati-atiné para kang padha ora weruh.[1946]

كَذَٰلِكَ يَطْبَعُ اللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِ الَّذِينَ
لَا يَعْلَمُونَ ٥٩

60 Mulané disabar; sayekti janjining Allah iku nyata, lan aja nganti para kang padha ora yakin angrèmèhaké sira.[1947]

فَاصْبِرْ إِنَّ وَعْدَ اللَّهِ حَقٌّ ۖ وَلَا يَسْتَخِفَّنَّكَ
الَّذِينَ لَا يُوقِنُونَ ٦٠

1946. Lah ing ngriki katerangaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang, Gusti Allah ngecap manah, punika menggah ing sajatos-jatosipun ateges anggènipun sami ambeguguk para titiyang wau wonten ing dalem kakafiranipun, kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat ingkang sampun.

1947. Terangipun, nadyan saikiné dhèwèké padha angguguyu ing sira, bakal teka masakalané, dhèwèké ora bakal ngrèmèhake ing sira, marga saka kanyataané janjining Pangéran wus jumeneng kalayan santosa.

رُكُوعَاتُهَا ٤ سُورَةُ لُقْمَٰنَ مَكِّيَّةٌ (٣١) آيَاتُهَا ٣٤

SURAT 31

LUQMAN

(*Luqmân*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*4 ruku', 34 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Para mukmin sami badhé angraosaken kabegjan.
Ruku' 2. Pituturipun Luqman dhateng putranipun.
Ruku' 3. Ageng ing kawasanipun Pangéran.
Ruku' 4. Dhatengipun siksa.

Namanipun, gathuking suraosipun, tuwin titimangsanipun tumurunipun

Namanipun surat punika kapirid saking asmanipun pujangga ingkang kacariyosaken wonten ing surat punika. *Luqmân* punika priya bangsa Habasyah, anggènipun kasebutaken wonten ing surat punika, punika mracihnani jembaring tatales dhadhasaripun Islam ingkang kasasmitakaken wonten ing surat ingkang sampun. Ing ayat 27 kasebutaken bilih *sabdanipun Allah* punika boten saged telas, sanajan sadaya wit-witan kadamel kalam lan saganten kadamel mangsi; punika ugi anedahaken bilih wontenipun para titiyang ingkang saé saha tulus, punika boten kawatesan ing jaman, nagari utawi satunggaling umat ingkang tartamtu; makaten ugi inggih anedahaken bilih wahyuning Pangéran punika kaparingaken dhateng sadaya bangsa, sarta bangsa Yahudi ingkang pethak pakulitanipun lan bangsa Habsyi ingkang cemeng, punika sami kémawon, sami déné nampeni nugrahaning Pangéran tuwin wahyuning Pangéran. Kanjeng Nabi 'Isa punika kalimatullah (sabdanipun Allah), lah kados makaten ugi Luqman bangsa Habsyi, ingkang limrahipun katitik bilih panjenenganipun punika Aesop (Esopus) Yunani. Maksudipun surat punika, boten prabéda lan surat-surat panunggilanipun, nanggel bilih para angèstu mesthi badhé manggih kabegjan. Wondéné titimangsaning tumurunipun, babipun ingkang karembag punika sampun saged anyethakaken bilih surat punika, boten prabéda lan surat kakalih ingkang sampun, kagolong jaman Makkah tengahan, sanajan ta wonten pamanggih warni-warni, ingkang mastani bilih sawenèh ayat-ayatipun surat punika, utawi malah sapérangan ageng ayat-ayatipun, punika katurunaken ing Madinah. Nanging pamanggih punika sajatosipun boten wonten watonipun.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika namung isi sakawan ruku'. Ingkang rumiyin piyambak andhawuhaken kalayan tetembungan ingkang ceplos bab kabegjanipun para Muslimin. Ingkang angka kalih nyebutaken pituturipun Luqman dhateng putranipun, ingkang sapunikanipun kakarsakaken dados pitutur tumrap para Muslimin. Ingkang kaping tiga mangandikakaken agunging kawasanipun Pangéran, kawasa ngawontenaken barang-barang ingkang katingalipun mokal sagedipun kelampahan, kados déné menangipun para Muslimin kaliyan mengsah-mengsahipun punika. Ingkang kaping sakawan mecakaken siksanipun mengsah ingkang kiyat wau.

RUKU' 1

Para mukmin sami badhé angraosaken kabegjan

1-5. Sinten ingkang badhé sami ngraosaken kabegjan. 6, 7. Siksa ingkang ngraosaken tumrap para ingkang sami angemohi. 8-11. Para mukmin badhé sami begja.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ﴿٠﴾

1 Ingsun Allah, Ingkang Maha-
a. 11 wikan.[a]

الٓمّٓ ﴿١﴾

2 Iki ayat-ayating Kitab kawicaksanan.

تِلْكَ اٰيٰتُ الْكِتٰبِ الْحَكِيْمِ ﴿٢﴾

3 Tuntunan sarta wilasa tumrap para kang agawé becik,

هُدًى وَّرَحْمَةً لِّلْمُحْسِنِيْنَ ﴿٣﴾

4 Para kang padha anjumenengaké salat sarta padha ambayar zakat tuwin marang akhirat padha yakin.

الَّذِيْنَ يُقِيْمُوْنَ الصَّلٰوةَ وَيُؤْتُوْنَ الزَّكٰوةَ وَهُمْ بِالْاٰخِرَةِ هُمْ يُوْقِنُوْنَ ﴿٤﴾

5 Yaiku wong kang padha miturut tuntunan saka Pangérané lan yaiku wong kang padha begja.

اُولٰٓئِكَ عَلٰى هُدًى مِّنْ رَّبِّهِمْ وَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُوْنَ ﴿٥﴾

6 Lan sawenèhing wong ana kang malah nguyang gunem lalahan kanggo anasaraké (wong-wong) saka dadalaning Allah kalawan tanpa kawruh, sarta iki dianggep guguyon; yaiki kang bakal padha olèh siksa kang ngasoraké.[1948]

وَمِنَ النَّاسِ مَنْ يَّشْتَرِيْ لَهْوَ الْحَدِيْثِ لِيُضِلَّ عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۖ وَّيَتَّخِذَهَا هُزُوًا ۗ اُولٰٓئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مُّهِيْنٌ ﴿٦﴾

1948. Klèntu manawi dhawuh punika kasuraos nuju dhateng satunggaling tiyang ingkang tartamtu. Dhawuh ing wekasaning ayat nedahaken kalayan terang, bilih dhawuh pratélan punika mengku suraos ing saumumipun, sarta kénging katumrapaken dhateng sadaya tiyang ingkang nganggé gugujengan Quran. Nadr ibnu-l-Hars, punika namung salah satunggaling tiyang ingkang atindak makaten wau. Déné Nadr bin Hars wau kacariyos sampun naté nyinau sawenèh dodongèngan-dodongèngan ing nagari Persi, lajeng punika dipun waosaken ing pakempalanipun titiyang Quraisy, pamrihipun supados titiyang Quraisy boten sami anggapé dhateng Quran Suci.

7 Lan samangsa timbalan-timbalan-Ingsun diwacakaké marang dhèwèké, dhèwèké maléngos kalawan gumedhé, kaya-kaya iku dhèwèké ora krungu, kaya-kaya ing kupingé ana tindhihé; mulané dhèwèké wartanana bubungah kalawan siksa kang nglarani.[1949]

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِ آيَاتُنَا وَلَّىٰ مُسْتَكْبِرًا
كَأَن لَّمْ يَسْمَعْهَا كَأَنَّ فِي أُذُنَيْهِ
وَقْرًا ۖ فَبَشِّرْهُ بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ⑦

8 Sayekti para kang padha angèstu sarta padha anglakoni panggawé becik, bakal padha olèh patamanan nugraha.

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
لَهُمْ جَنَّاتُ النَّعِيمِ ⑧

9 Padha manggon ing kono; janjining Allah: (iku janji kang) nyata, lan Panjenengané iku Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Wicaksana.

خَالِدِينَ فِيهَا ۖ وَعْدَ اللَّهِ حَقًّا ۚ وَهُوَ
الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ⑨

Ut. *kang katon ing sira*

Ut. *awèh pangan marang* a. 1358

10 Panjenengané wus anitahaké langit-langit kalawan tanpa cagak, *kaya kang kodeleng*, sarta Panjenengané wus andekèkaké gunung-gunung ana ing bumi, supaya iki *aja oyag kalawan* sira,[a] lan Panjenengané wus angratakaké sarupaning kéwan ana ing kono; apa déné Ingsun anurunaké banyu saka mendhung, tumuli Ingsun anukulaké sarupaning (tutuwuhan) jinis kang adi.

خَلَقَ السَّمَاوَاتِ بِغَيْرِ عَمَدٍ تَرَوْنَهَا
وَأَلْقَىٰ فِي الْأَرْضِ رَوَاسِيَ أَن تَمِيدَ
بِكُمْ وَبَثَّ فِيهَا مِن كُلِّ دَابَّةٍ ۚ
وَأَنزَلْنَا مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَنبَتْنَا
فِيهَا مِن كُلِّ زَوْجٍ كَرِيمٍ ⑩

11 Iki dadamelaning Allah, nanging Ingsun tuduhna, para kang saliyané Panjenengané iku wus agawé apa. O, balik para wong atindak dudu iku padha dumunung ing sasar kang tétéla.

هَٰذَا خَلْقُ اللَّهِ فَأَرُونِي مَاذَا خَلَقَ
الَّذِينَ مِن دُونِهِ ۚ بَلِ الظَّالِمُونَ
فِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ ⑪

1949. Ayat punika nerangaken kados pundi tiyang dados tuli dhateng yakti punika: piyambakipun malèngos saking yakti kalayan gumedhé, kados kados piyambakipun boten mireng punika. Dados, anggènipun lajeng tuli wau, margi saking pandamelipun piyambak. Ayat punika wigatos sanget kanggé anerangaken ayat-ayat ingkang mangandikakaken bilih Allah angecap talingan-lalingan saha manah-manahipun tiyang.

RUKU’ 2

Pituturipun Luqman dhateng putranipun

12 Lan sayekti temen Ingsun wus amaringi kawicaksanan Luqman,[1950] pangandika-Ningsun: Sukura maring Allah. Lah sapa sing sukur, lah (ora liya kajaba) mung sukur tumrap jiwané dhéwé; lan sapa sing *ora sukur*, lah sayekti Allah iku Cukup-pribadiné, Pinuji.

وَلَقَدْ اٰتَيْنَا لُقْمٰنَ الْحِكْمَةَ اَنِ اشْكُرْ
لِلّٰهِ ؕ وَمَنْ يَّشْكُرْ فَاِنَّمَا يَشْكُرُ لِنَفْسِهٖ ۚ
وَمَنْ كَفَرَ فَاِنَّ اللّٰهَ غَنِيٌّ حَمِيْدٌ ﴿۱۲﴾

13 Lan nalikané Luqman calathu marang anaké sarta amituturi: O, anakku! aja kowé anyakuthokaké (apa-apa) kalawan Allah; sayekti anyakuthokaké iku temen tindak dudu kang gedhé.

وَاِذْ قَالَ لُقْمٰنُ لِابْنِهٖ وَهُوَ يَعِظُهٗ
يٰبُنَيَّ لَا تُشْرِكْ بِاللّٰهِ ؕ اِنَّ الشِّرْكَ
لَظُلْمٌ عَظِيْمٌ ﴿۱۳﴾

14 Lan Ingsun wus aparing weweling marang manusa tumrapé marang wong tuwané – biyungé angandhut dhèwèké kalawan lesah amarlupa sarta panyapihé ing jeroné rong taun – pangandika-Ningsun: Disukur marang Ingsun lan marang wong tuwanira loro; marang Ingsun patoging paran.[1951]

وَوَصَّيْنَا الْاِنْسَانَ بِوَالِدَيْهِ ۚ حَمَلَتْهُ
اُمُّهٗ وَهْنًا عَلٰى وَهْنٍ وَّفِصٰلُهٗ فِيْ
عَامَيْنِ اَنِ اشْكُرْ لِيْ وَلِوَالِدَيْكَ ؕ
اِلَيَّ الْمَصِيْرُ ﴿۱۴﴾

15 Lan manawa sakaroné ametel-metelaké sira, supaya sira anyakuthokaké kalawan Ingsun, barang kang sira ora kadunungan ngilmuné, lah aja koturut sakaroné,

وَاِنْ جَاهَدٰكَ عَلٰٓى اَنْ تُشْرِكَ بِيْ مَا
لَيْسَ لَكَ بِهٖ عِلْمٌ ۙ فَلَا تُطِعْهُمَا وَ

1950. Gelar yekti ingkang adhadhasar babad, samangsa bangsa Wétan ingkang ngandharaken, lajeng kémawon dipun cap dongèng ngayawara titiyang Eropa “ingkang jembar dhadhanipun punika.” Kosokwangsulipun dodongèngan ngayawara damelan Eropa, kaanggép babad ingkang kénging pinitados tur mawi sanget. Nitik cacriyosanipun, sajakipun Luqman punika priyantun bangsa Habsyi, sarta sampun dados sifatipun Quran, samangsa mastani nabi, punika boten mawi ambédak-bédakaken kabangsanipun. Kathah èmperipun nama Aesop tumrap bangsa Yunani, punika asli saking kelanturipun tembung Ethiopian (jawinipun tiyang Habsyi = cemeng), tuwin inggil, kathah èmperipun manawi Aesop wau inggih Luqman punika.

1951. Ayat 14 lan ayat 15 punika *parenthetical* (jawinipun dhawuh ingkang sumesel wonten ing andharan sanès), wigatos andhawuhaken ambangun-turut dhateng tiyang sepuh kakalih punika wajib, jalaran tiyang sepuh kakalih makaten ingkang nyerep-nyerepaken dhateng anak. Ayat kakalih wau boten kok kalèntu anggènipun mapanaken, kados panginteníipun ingkang grusa-grusu tuwan Wahl.

sarta sakaroné ana ing donya kancanana kalawan cara kang becik,[1952] lan sira nuruta dadalané wong kang tumuju marang Ingsun; tumuli marang Ingsun balinira, lan Ingsun bakal anjalèntrèhaké marang sira prakara apa kang wus padha sira lakoni —

صَاحِبْهُمَا فِي الدُّنْيَا مَعْرُوفًا ۖ وَاتَّبِعْ
سَبِيلَ مَنْ أَنَابَ إِلَيَّ ۚ ثُمَّ إِلَيَّ مَرْجِعُكُمْ
فَأُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿١٥﴾

16 O, anakku! sayekti, lamun ta iku aboté sawiji sawi saelas sarta ana sajroning watu utawa ana ing (dhuwuring) langit utawa ana ing (telenging) bumi, Allah bakal anekakaké iku (binabar); sayekti Allah iku Ingkang-Ngudanèni kang lembut-lembut, Waspada:[1953]

يَا بُنَيَّ إِنَّهَا إِنْ تَكُ مِثْقَالَ حَبَّةٍ مِنْ
خَرْدَلٍ فَتَكُنْ فِي صَخْرَةٍ أَوْ فِي السَّمَاوَاتِ
أَوْ فِي الْأَرْضِ يَأْتِ بِهَا اللَّهُ ۚ إِنَّ اللَّهَ
لَطِيفٌ خَبِيرٌ ﴿١٦﴾

17 O, anakku! anjumenengna salat lan amaréntahna ing becik sarta menginga ing ala tuwin disabar marang apa kang anibani sira; sayekti iki sawenèh saka prakara-prakara kang *pinaréntahaké kalawan tuhu-tuhu*:

Ut. *kudu linakonan*

يَا بُنَيَّ أَقِمِ الصَّلَاةَ وَأْمُرْ بِالْمَعْرُوفِ
وَانْهَ عَنِ الْمُنْكَرِ وَاصْبِرْ عَلَىٰ مَا
أَصَابَكَ ۖ إِنَّ ذَٰلِكَ مِنْ عَزْمِ الْأُمُورِ ﴿١٧﴾

18 Lan aja maléngosaké *rainira* (kalawan angrèmèhaké) marang manusa, sarta aja lumaku ing bumi kalawan gumedhé; sayekti Allah iku ora remen marang sarupaning wong umuk, gumedhé:

Ut. *pipinira*

وَلَا تُصَعِّرْ خَدَّكَ لِلنَّاسِ وَلَا تَمْشِ
فِي الْأَرْضِ مَرَحًا ۖ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ
كُلَّ مُخْتَالٍ فَخُورٍ ﴿١٨﴾

19 Lan di sedhengan ing mlakunira sarta diaris swaranira; sayekti swara kang anggethingaké banget iki yekti swaraning kuldi.[1954]

وَاقْصِدْ فِي مَشْيِكَ وَاغْضُضْ مِنْ
صَوْتِكَ ۚ إِنَّ أَنْكَرَ الْأَصْوَاتِ
لَصَوْتُ الْحَمِيرِ ﴿١٩﴾

1952. Najan ing ngriki lan ing panggènan sanès Quran Suci migatosaken sanget dhateng prakawis kawajiban ambangun-turut dhateng tiyang sepuh kakalih, suprandéné Quran inggih maringi pèpènget, sampun ngantos keladuk anggènipun migatosaken dhateng kawajiban wau, samangsa kawajiban wau cengkah kaliyan kawajiban ingkang langkung luhur malih, inggih punika kawajibanipun tiyang dhateng Ingkang-Nitahaken. Cekakipun kémawon, sadaya kawajiban, nadyan sapinten kémawon agengipun, kedah kawon kaliyan kawajiban ingkang langkung ageng malih. Wondéné kawajibanipun manusa dhateng Ingkang-Nitahaken, punika sami-sami kawajiban, kawajiban ingkang ageng saha ingkang luhur piyambak.

1953. Punika pèpènget dhateng para Muslimin, nanging para Muslimin piyambak sami boten

1954. *Mirsanana kaca candhakipun.*

RUKU' 3

Agenging kawasanipun Pangéran

20-26. Nugrahanipun Allah sarta tiyang ingkang nampik. 27. Sabdanipun Allah punika boten badhé wonten telasipun. 28. Tanah Arab badhé dipun gigah saking tilem. 29. 30. Barang palsu sumingkir déning barang yakti.

20 Apa sira ora andeleng yèn Allah iku wus andadèkaké sabarang ing langit-langit lan sabarang ing bumi alaladi marang sira, sarta nyampurnakaké nugraha-Né tumrap ing sira, kang lahir lan kang batin? Lan sawenèhing wong ana kang madoni ing dalem prakara Allah kalawan tanpa kawruh lan tanpa pituduh tuwin tanpa Kitab kang madhangi.[1955]

أَلَمْ تَرَوْا أَنَّ اللّٰهَ سَخَّرَ لَكُمْ مَّا
فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ وَأَسْبَغَ
عَلَيْكُمْ نِعَمَهُ ظَاهِرَةً وَّبَاطِنَةً ۗ وَمِنَ
النَّاسِ مَنْ يُّجَادِلُ فِي اللّٰهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ
وَّلَا هُدًى وَّلَا كِتٰبٍ مُّنِيْرٍ ﴿٢٠﴾

21 Lan samangsa padha dicalathoni: Padha manuta apa kang wus didhawuhaké déning Allah, padha calathu: Ora, aku padha *ngluluri apa lakuné* bapak-bapakku. Apa sanajan dhèwèké padha diajak sétan marang siksa geni murub!

Ar. *manut apa kang daktemu ana ing*

وَإِذَا قِيْلَ لَهُمُ اتَّبِعُوْا مَآ أَنْزَلَ اللّٰهُ
قَالُوْا بَلْ نَتَّبِعُ مَا وَجَدْنَا عَلَيْهِ
اٰبَآءَنَا ۗ أَوَلَوْ كَانَ الشَّيْطٰنُ يَدْعُوْهُمْ
إِلٰى عَذَابِ السَّعِيْرِ ﴿٢١﴾

Ut. *adhepé*

22 Lan sapa sing sumarah *babar pisan* marang Allah sarta dhèwèké

وَمَنْ يُّسْلِمْ وَجْهَهُۥٓ إِلَى اللّٰهِ وَهُوَ

ngalap paédah dhateng pèpènget punika, kosokwangsulipun malah sami klelep wonten ing pandamel awon, temah sami nandhang wohipun ingkang awon.

1954. Andhap asor, jatmika tuwin ruruh, kawulangaken wonten ing ayat-ayat punika. Pathining sadaya piwulangipun Kanjeng Nabi 'Isa wonten ing redi (Bergrede, Mat. 5-7, *pen*), katerangaken wonten ing ngriki kalayan ringkes, kanggé anedahaken bilih Allah punika boten pilihasih. namung miji bangsa utawi umat satunggal kaparingan nugraha piwulang budipakarti ingkang luhur. Nadyan tiyang bangsa Habsyi, inggih saged mulangaken andhap asor jatmika tuwin ruruh, ingkang boten kawon kaliyan gadhahanipun bangsa-bangsa ing jaman samangké, ingkang nadyan menggahing kawadhaganipun sakalangkung majeng pisan.

1955. Dhawuh punika saged dipun anggé tiyang Muslimin, lan saged katujokakaken dhateng para tiyang kafir. Titiyang Muslimin sami kakathahen anggènipun marsudi kawruh falsafah Yunani, ingkang boten saged suka papadhang dhateng piyambakipun, sarta nyingkur Kitab ingkang pancènipun saged madhangi piyambakipun. Sadangunipun titiyang Muslimin andhèrèk dhateng *Kitab kang madhangi*, piyambakipun sami majeng wonten ing donya ngriki, inggih menggahing kawadhaganipun, inggih menggahing akal budinipun. Nanging sareng titiyang Muslimin ketungkul dhateng barang sanès, nyingkur Kitabipun Pangéran, piyambakipun lajeng sami dhawah saking nginggil, inggih punika saking kaluhuran ingkang sampun kagayuh.

iku wong kang agawé becik (ing liyan), lan satuhu dhèwèké iku wus agondhèlan cecekelan kang kukuh; lan marang Allah wusanané kabèh prakara.

مُحْسِنٌ فَقَدِ اسْتَمْسَكَ بِالْعُرْوَةِ
الْوُثْقَىٰ ۗ وَإِلَى اللَّهِ عَاقِبَةُ الْأُمُورِ ﴿٢٢﴾

23 Lan sapa sing angafiri, lah aja nganti kafiré anusahaké sira; marang Ingsun baliné dhèwèké, tumuli Ingsun bakal anjalèntrèhaké marang dhèwèké prakara apa kang wus padha dilakoni; sayekti Allah iku Ingkang-Ngudanèni marang apa kang ana ing dhadha-dhadha.

وَمَنْ كَفَرَ فَلَا يَحْزُنْكَ كُفْرُهُ ۚ إِلَيْنَا
مَرْجِعُهُمْ فَنُنَبِّئُهُمْ بِمَا عَمِلُوا ۚ إِنَّ
اللَّهَ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ﴿٢٣﴾

24 Dhèwèké padha Ingsun bungahaké sathithik, tumuli bakal padha Ingsun giring marang siksa kang abot.

نُمَتِّعُهُمْ قَلِيلًا ثُمَّ نَضْطَرُّهُمْ إِلَىٰ
عَذَابٍ غَلِيظٍ ﴿٢٤﴾

25 Lan manawa padha sira takoni: Sapa sing anitahaké langit-langit lan bumi, masthi bakal padha mangsuli: Allah. Munjuka: Sadaya pangalembana punika kagunganipun Allah; ananging piyambakipun ingkang kathah sami boten sumerep.

وَلَئِنْ سَأَلْتَهُمْ مَنْ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ
وَالْأَرْضَ لَيَقُولُنَّ اللَّهُ ۚ قُلِ الْحَمْدُ
لِلَّهِ ۚ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٢٥﴾

26 Kagunganing Allah sabarang kang ana ing langit-langit lan bumi; sayekti Allah iku Ingkang-*sugih*, Ingkang-Ingalembana.

Ut. *Cukup-pribadhiné*

لِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ إِنَّ
اللَّهَ هُوَ الْغَنِيُّ الْحَمِيدُ ﴿٢٦﴾

27 Lan saupama sarupaning wit kang ana ing bumi (minangka) kalam sarta sagara (minangka mangsiné), iku isih winuwuhan manèh sagara pitu, ora bakal entèk sabdaning Allah; sayekti Allah iku Mahamulya, Wicaksana.[1956]

وَلَوْ أَنَّمَا فِي الْأَرْضِ مِنْ شَجَرَةٍ
أَقْلَامٌ وَالْبَحْرُ يَمُدُّهُ مِنْ بَعْدِهِ
سَبْعَةُ أَبْحُرٍ مَا نَفِدَتْ كَلِمَاتُ
اللَّهِ ۗ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٢٧﴾

1956. I'Ab gadhah pamanggih bilih ayat punika tuwin ayat kakalih sambetipun, punika kagolong dhawuh ingkang tumurun ing Madinah. Nanging yektinipun boten wonten satunggal punapa ingkang anedahaken bilih ayat-ayat wau boten tumurun ing Makkah. Satunggaling tiyang, ingkang panjenenganipun piyambak boten saged migunakaken kalam (pén), sarta ingkang sugeng wonten ing

28 Tumitahira sarta tanginira kabèh, iku ora liya kajaba kaya jiwa sawiji; sayekti Allah iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni.

مَا خَلْقُكُمْ وَلَا بَعْثُكُمْ اِلَّا كَنَفْسٍ وَّاحِدَةٍ ؕ اِنَّ اللّٰهَ سَمِيْعٌۢ بَصِيْرٌ ﴿۲۸﴾

29 Apa sira ora andheleng yén Allah iku anglebokaké wengi ing raina sarta anglebokaké raina ing wengi, tuwin andadèkaké srengéngé lan rembulan alaladi (ing sira); kabèh nurut dadalané tumeka mangsa kang wus tinamtu; lan yèn Allah iku Waspada marang apa kang padha sira lakoni?

اَلَمْ تَرَ اَنَّ اللّٰهَ يُوْلِجُ الَّيْلَ فِى النَّهَارِ وَيُوْلِجُ النَّهَارَ فِى الَّيْلِ وَسَخَّرَ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ ؗ كُلٌّ يَّجْرِىْۤ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى وَّاَنَّ اللّٰهَ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ﴿۲۹﴾

30 Iki amarga déné Allah iku Ingkang-Mahayakti sarta déné apa kang diuwuh saliyané Panjenengané iku barang goroh, lan déné Allah iku Ingkang-Mahaluhur, Ingkang-Mahaagung.

ذٰلِكَ بِاَنَّ اللّٰهَ هُوَ الْحَقُّ وَاَنَّ مَا يَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِهِ الْبَاطِلُ ۙ وَاَنَّ اللّٰهَ هُوَ الْعَلِىُّ الْكَبِيْرُ ﴿۳۰﴾

RUKU' 4

Dhatengipun siksa

31, 32. Tandha-tandha ing cobi ingkang alit-alitan. 33, 34. Dinten pamidana.

31 Apa sira ora andheleng yèn prau iku lalayarané ing sagara kalawan nugrahaning Allah, supaya Panjenengané ameruhaké sira sawenèhing tandha-tandha-Né? Sayekti, ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap sarupaning (wong) kang sabar-santosa, sukur.[1956A]

اَلَمْ تَرَ اَنَّ الْفُلْكَ تَجْرِىْ فِى الْبَحْرِ بِنِعْمَتِ اللّٰهِ لِيُرِيَكُمْ مِّنْ اٰيٰتِهٖ ؕ اِنَّ فِىْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّكُلِّ صَبَّارٍ شَكُوْرٍ ﴿۳۱﴾

---

satunggaling nagari ingkang awis-awis wonten kalam lan mangsi, teka saged amedharaken gagasan kalam lan mangsi ingkang sakalangkung kathah, punika pantes pinèngetan. Dhawuh-dhawuh punika sadaya mengku sasmita, bilih badhé kathah sanget kalam lan mangsi, ingkang dipun pigunakaken kanggé nyerati Quran Suci. Kula aturi mirsani 1529, ing ngriku wonten dhawuh ingkang nunggil suraos, sarta wonten ing ngriku katerangaken bilih dhawuh-dhawuh wau ugi katujokaken kanggé mabeni kapangérananipun Kanjeng Nabi 'Isa.

1956A. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih *tandha-tandha tumrap sarupaning wong kang sabar-santosa lan sukur*, punika mengku sasmita bilih para Muslimin, ingkang nadyan

32 Lan nalika alun kaya gunung anungkep dhèwèké, padha anguwuh ing Allah kalawan tuhutuhuning pambangun-turut ing Panjenenganė; bareng Panjenenganė anylametaké dhèwèké marang dharatan, sawenèh ana kang jejeg tindaké; sarta ora ana kang angemohi tandha-tandha-Ningsun kajaba wong kang cidra, wong ora weruh ing panarima.

وَإِذَا غَشِيَهُم مَّوْجٌ كَالظُّلَلِ دَعَوُا
اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ ۚ فَلَمَّا
نَجَّاهُمْ إِلَى الْبَرِّ فَمِنْهُم مُّقْتَصِدٌ ۚ
وَمَا يَجْحَدُ بِآيَاتِنَا إِلَّا كُلُّ خَتَّارٍ كَفُورٍ ﴿٣٣﴾

33 O, para manusa! di padha rumeksa dhirinira (saka pidananing) Pangéranira, sarta diwedi marang dina kang (ing kono) bapa ora bakal anyukup marang anaké sarta ora bakal ana anak kang nyukup marang bapakné sathithikthithika. Sayekti janjining Allah iku nyata; mulané aja nganti kauripan donya iku anjalomprongaké sira, sarta aja nganti bénggoling apus anjalomprongaké sira tumrap prakara Allah.[1957]

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمْ وَاخْشَوْا يَوْمًا
لَّا يَجْزِي وَالِدٌ عَن وَلَدِهِ وَلَا مَوْلُودٌ
هُوَ جَازٍ عَن وَالِدِهِ شَيْئًا ۚ إِنَّ وَعْدَ
اللَّهِ حَقٌّ ۖ فَلَا تَغُرَّنَّكُمُ الْحَيَاةُ الدُّنْيَا
وَلَا يَغُرَّنَّكُم بِاللَّهِ الْغَرُورُ ﴿٣٤﴾

34 Sayekti, Allah iku, ana ing Panjenenganė titining-mangsané, sarta Panjenenganė anurunaké udan, lan Panjenenganė angudanèni apa kang ana sajroning talanakan; lan ora ana wong kang weruh apa kang bakal pinakolih sésuk; lan ora ana wong kang weruh ana ing bumi ngendi bakal matiné; sayekti, Allah iku Angudanèni, Waspada.[1958]

إِنَّ اللَّهَ عِندَهُ عِلْمُ السَّاعَةِ وَيُنَزِّلُ
الْغَيْثَ وَيَعْلَمُ مَا فِي الْأَرْحَامِ ۖ
وَمَا تَدْرِي نَفْسٌ مَّاذَا تَكْسِبُ غَدًا ۖ
وَمَا تَدْرِي نَفْسٌ بِأَيِّ أَرْضٍ
تَمُوتُ ۚ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ خَبِيرٌ ﴿٣٥﴾

---

nandhang rekaos meksa sukur, punika ing satunggaling wekdal mesthi kadadosaken umat ingkang ageng, ngantos saged nguwaosi saganten.

1957. *Garur*, ingkang wantahipun ateges bénggoling tukang apus krama punika tegesipun sétan.

1958. *Sa'ah* utawi *titining-mangsané*, punika tegesipun *titimangsanipun* kalampahaning wahananipun piweca, tuwin ambrukipun titiyang Makkah. Dados ayat punika, mengku karsa mangandikakaken éwah-éwahan ageng ingkang badhé dumados wonten ing tanah Arab. Makaten terangipun: tumurunipun jawah, punika ateges gesangipun tiyang ingkang pejah ruhaniyahipun; ingkang wonten ing salebeting talanakan, punika sampun katamtokaken dados tiyang Muslimin; tiyang ingkang ing

dinten punika dados mengsah, bénjing énjing badhé dados mitra; déné para ingkang sami nundhung titiyang Muslimin saking griya-griyanipun, mesthi badhé nemahi tiwas samangsa medal saking padunungganipun, lah inggih kados déné ingkang kasandhang para titiyang wau nalika sami merangi titiyang Muslimin. Wondéné suraosipun ingkang umum, sumerep barang ingkang wonten ing talanakan, punika sumerep kados pundi badhé kadadosanipun, punapa badhé dados saé punapa awon; sumerep barang ingkang *pinakolih* bénjing énjing, punika tegesipun sumerep pandamel awon punapa saé ingkang badhé katindakaken satunggaling tiyang punika; déné boten saged mastani wonten pundi pejahipun satunggaling tiyang, punika ateges boten saged nginten-intenaken punapa pejahipun punika anyartani para tiyang tulus, punapa anyartani para ingkang atindak awon.

رُكُوْعَاتُهَا ٣ — سُوْرَةُ السَّجْدَةِ مَكِّيَّةٌ (٣٢) — اٰيَاتُهَا ٣٠

SURAT 32

AS-SAJDAH

(*Panembah*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ruku’, 30 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’ 1. Pèpènget.
Ruku’ 2. Para mukmin lan para kafir.
Ruku’ 3. Pancasan.

Katerangan gerban

Babipun ingkang karembag lan titimangsaning tumurunipun surat punika boten kathah bédanipun kaliyan surat titiga ingkang sampun. Pamanggih ingkang mastani bilih wonten ayatipun ingkang katurunaken ing Madinah, punika boten sanès kajawi namung nama panginten-inten blaka. Surat punika ingkang wekasan piyambak tumrap gogolonganipun surat-surat wiwit surat 29, déné isinipun kénging winastan ringkesan lan pathinipun surat-surat wau, lan sampun boten wonten semang-semangipun malih mengku sasmita bab lalampahanipun Islam ing wekdal ingkang badhé dhateng. Pèpènget kaparingaken, nasibipun para mukminin lan para kafir katandhing, sarta pancasan kaundhangaken. Inggih tigang prakawis punika ingkang dados jejering rembag wonten ing ruku’-ipun titiga surat punika.

RUKU’ 1

Pèpènget

1-3. Pèpènget. 4-11. Allah Ingkang-Anitahaken saha Ingkang-Angudanèni jagad tuwin Ingkang-Anitahaken manusa.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Ingsun Allah, Ingkang-Maha-
a. 11 wikan.[a]

الٓمّٓ ۚ ﴿١﴾

2 Dhumawuhing Kitab – ing dalem prakara iku ora ana semang-semangé – iku saka Ingkang-Mangérani ngalam kabèh.

تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ لَا رَيْبَ فِيْهِ مِنْ رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٢﴾

3 Apa dhèwèké padha calathu: Iku anggit-gawé-gawéané (dhéwé)? O, ora, iku kasunyatan saka Pangéranira, amrih sira apépélinga marang bangsa kang ing sadurungira ora ana juru-pépéling kang
Ar. *dhèwèké* nekani *mrono*, supayané dhèwèké padha miturut dalan kang bener.[1958A]

أَمْ يَقُولُونَ افْتَرَاهُ ۚ بَلْ هُوَ الْحَقُّ
مِن رَّبِّكَ لِتُنذِرَ قَوْمًا مَّا أَتَاهُم مِّن
نَّذِيرٍ مِّن قَبْلِكَ لَعَلَّهُمْ يَهْتَدُونَ ﴿٣﴾

4 Allah iku Ingkang-Anitahaké langit-langit lan bumi sarta apa kang ana ing saantarané ing dalem
a. 45 nem mangsa, sarta[a] Panjenenganingé angasta purba-wisésa ing karaton
b. 895 iku;[b] ing saliyané Panjenengané
Ut. *pangreksa* sira ora duwé *kakawal* sarta ora
Ut. *panglantar* duwé *pantara*; apa ta sira ora padha angangen-angen?

اللَّهُ الَّذِي خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ
وَمَا بَيْنَهُمَا فِي سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوَىٰ
عَلَى الْعَرْشِ ۖ مَا لَكُم مِّن دُونِهِ مِن
وَلِيٍّ وَلَا شَفِيعٍ ۚ أَفَلَا تَتَذَكَّرُونَ ﴿٤﴾

5 Panjenengané amranata prakara (sabarang) saka ing langit marang bumi, tumuli iku bakal munggah marang Panjenengané ing sawijining dina kang ukurané
Ar. *saka* séwu taun *manut* pangétungmu.[1959]

يُدَبِّرُ الْأَمْرَ مِنَ السَّمَاءِ إِلَى الْأَرْضِ
ثُمَّ يَعْرُجُ إِلَيْهِ فِي يَوْمٍ كَانَ مِقْدَارُهُ
أَلْفَ سَنَةٍ مِّمَّا تَعُدُّونَ ﴿٥﴾

6 Iki Ingkang-Ngudanèni barang kang ora katon lan kang katon, Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih,

ذَٰلِكَ عَالِمُ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ الْعَزِيزُ
الرَّحِيمُ ﴿٦﴾

7 Kang ambecikaké samubarang kang wus katitahaké, sarta Panjenengané amurwani tumita-
c. 1716 hing manusa saka lebu.[c]

الَّذِي أَحْسَنَ كُلَّ شَيْءٍ خَلَقَهُ ۖ
وَبَدَأَ خَلْقَ الْإِنسَانِ مِن طِينٍ ﴿٧﴾

8 Tumuli Panjenengané adamel turuné saka ing sari, saka banyu kang ina.

ثُمَّ جَعَلَ نَسْلَهُ مِن سُلَالَةٍ مِّن
مَّاءٍ مَّهِينٍ ﴿٨﴾

1958A. Nagari Makkah dèrèng naté karawuhan nabi sadèrènging kautusipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad; ing antawisipun tiyang darah Ismail, ngemungaken panjenenganipun piyambak ingkang kajumenengaken dados nabi.

1959. Sajakipun ing ngriki punika mengku sasmita, bilih *amr* (ingkang ing ngriki kajarwakaken *prakara*, nanging ugi ateges *paréntah*, liripun karatoning Pangéran, inggih punika Islam) punika ing sakawit badhé dipun jumenengaken kalayan santosa wonten ing bumi, lajeng badhé dados mundur ngantos salebetipun wekdal sèwu taun. Kula aturi mir sani 1602, 1603.

Ar. *saka* Ut. *wewedhar*

9 Tumuli Panjenengané anyampurnakaké iku sarta aniyup ing jeroné *kalawan ruhé* Panjenengané,[1960] lan adamel pangrungu sarta pandeleng apa déné ati tumrap marang sira; sathithik anggonira padha atur panuwun.

ثُمَّ سَوّٰىهُ وَنَفَخَ فِيهِ مِنْ رُّوحِهٖ
وَجَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْأَبْصَارَ وَ
الْأَفْـِٔدَةَ ۚ قَلِيلًا مَّا تَشْكُرُونَ ⑨

10 Lan padha calathu: Apa manawa aku wis padha lebur ing jeroning bumi, apa iya temenan aku bakal padha ana ing jeroning titah kang anyar? O, balik dhèwèké iku padha angafiri marang sapatemoning Pangérané.

وَقَالُوٓا ءَاِذَا ضَلَلْنَا فِي الْأَرْضِ ءَاِنَّا
لَفِي خَلْقٍ جَدِيدٍ ۚ بَلْ هُمْ بِلِقَآئِ
رَبِّهِمْ كٰفِرُونَ ⑩

11 Calathua: Malaikat pati kang dipasrahi sira bakal agawé patinira, tumuli sira bakal dibalékaké marang Pangéranira.

قُلْ يَتَوَفّٰىكُمْ مَّلَكُ الْمَوْتِ الَّذِي
وُكِّلَ بِكُمْ ثُمَّ إِلٰى رَبِّكُمْ تُرْجَعُونَ ⑪ ع

RUKU' 2

Para mukmin lan para Kafir

12-20. Para titiyang dosa sarta para mukmin saha wawales tumrap satunggal-satunggalipun. 21-22. Siksa tumrap titiyang dosa ing gesang sapunika.

12 Lan lamun sira weruha samangsa para dosa padha tumungkul sirahé ana ngarsaning Pangérané: Pangéran kawula! kawula sampun sami aningali saha kawula sampun sami mireng; milanipun mugi kawula sami Tuwan wangsulaken, kawula sami badhé anglampahi kasaénan; saèstu kawula (sapunika) sami yakin.

وَلَوْ تَرٰىٓ إِذِ الْمُجْرِمُونَ نَاكِسُوا رُءُوسِهِمْ
عِنْدَ رَبِّهِمْ ۚ رَبَّنَآ أَبْصَرْنَا وَسَمِعْنَا
فَارْجِعْنَا نَعْمَلْ صَالِحًا إِنَّا مُوقِنُونَ ⑫

1960. Nitik dhawuh punika, tétéla Gusti Allah punika niyupaken ruh-Ipun dhateng saben tiyang ingkang kakarsakaken kasampurnakaken. Menggah ing sajatos-jatosipun, *rûh* punika *sabda* utawi *ilham* ingkang damel sampurnanipun tiyang. Saboten-botenipun, ruh katiyupaken dhateng manusa, punika wonten ing ngriki kadhawuhaken sacara umum, dados boten nuju satunggaling tiyang ingkang tartamtu. Punika ngiyataken punapa ingkang sampun karembag ing 653, inggih punika bilih *rûh* punika sajatosipun ateges ilhaming Pangéran, boten ateges nyawa.

فَذُوقُوا بِمَا نَسِيتُمْ لِقَاءَ يَوْمِكُمْ هَٰذَا ۚ
إِنَّا نَسِينَاكُمْ ۖ وَذُوقُوا عَذَابَ الْخُلْدِ
بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿١٤﴾

Ar. *tuntu-nané*

13 Lan lamun Ingsun angarsakna, amasthi sarupaning jiwa Ingsun paringi *tuntunan*, ananging sabda (kang miyos) saka Ingsun iku nyata: Sayekti Ingsun bakal angisèni naraka kalawan kalumpuking jin lan manusa.

وَلَوْ شِئْنَا لَآتَيْنَا كُلَّ نَفْسٍ هُدَاهَا
وَلَٰكِنْ حَقَّ الْقَوْلُ مِنِّي لَأَمْلَأَنَّ
جَهَنَّمَ مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ أَجْمَعِينَ ﴿١٣﴾

14 Mulané padha rasakna, amarga saka anggonira anglirwakaké sapatemon (ing) dinanira iki; sayekti, Ingsun anglirwakaké sira; lan padha ngrasakna siksa tetep, amarga saka barang kang padha sira lakoni.

إِنَّمَا يُؤْمِنُ بِآيَاتِنَا الَّذِينَ إِذَا ذُكِّرُوا
بِهَا خَرُّوا سُجَّدًا وَسَبَّحُوا بِحَمْدِ رَبِّهِمْ
وَهُمْ لَا يَسْتَكْبِرُونَ ۩ ﴿١٥﴾

Ut. *asasanti*

a. 978

15 Kang angèstu ing timbalan-timbalan-Ingsun iku mung para kang, samangsa diélingaké kalawan iku, (banjur) tumundhuk sumungkem, sarta padha *mahasucèkaké* kalawan pangalembananing Pangérané apa déné padha ora gumedhé.[a]

تَتَجَافَىٰ جُنُوبُهُمْ عَنِ الْمَضَاجِعِ يَدْعُونَ
رَبَّهُمْ خَوْفًا وَطَمَعًا وَمِمَّا رَزَقْنَاهُمْ
يُنفِقُونَ ﴿١٦﴾

16 Lambungé sumingkir saka paturon(é), (banjur) padha anguwuh Pangérané kalawan wedi sarta kalawan pangarep-arep, apa déné padha amèwèhaké barang paparing-Ingsun.

فَلَا تَعْلَمُ نَفْسٌ مَّا أُخْفِيَ لَهُم مِّن
قُرَّةِ أَعْيُنٍ جَزَاءً بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٧﴾

17 Lah ora ana jiwa weruh marang apa kang sinamar tumrap dhèwèké, yaiku kang anyegeri pandeleng: wawales tumrap apa kang wus padha dilakoni.[1961]

1961. Punika katranganipun ingkang sajati nugraha ing suwarga: Ora ana jiwa weruh marang apa kang sinamar tumrap dhèwèké. Nugraha wau sumingid saking mripat wadhagipun manusa, dados gagambaran ingkang mawi tetembungan ingkang mengku suraos kados nugraha ing gesang samangké, punika tembung ngibarat. Tetembungan boten saged amedharaken kawontenanipun ingkang sajati nugraha suwarga wau. Pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang nerangaken dhawuh punika, nedahaken leresing katrangan punika. Makaten pangandikanipun Kanjeng Nabi: “Gusti Allah ngandika: Ingsun wus anyadhiyakaké turnrap para kawula-Ningsun kang tulus, barang kang durung tau dineleng ing mripat, durung tau rinungu ing kuping lan durung tau kumrenteg ana ing dalem ati” (Bkh).

18 Lah wong angèstu, iku apa ta
Ut. *duraka* padha karo wong kang *murang yakti*? Ora padha.

أَفَمَن كَانَ مُؤْمِنًا كَمَن كَانَ فَاسِقًا ۚ لَّا يَسْتَوُونَ ﴿١٨﴾

19 Déné para kang padha angèstu sarta padha anglakoni kabecikan, lah iku padha olèh patamanan (minangka) panggonané; pasadhiyan amarga saka barang kang wus padha dilakoni.

أَمَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ فَلَهُمْ جَنَّاتُ الْمَأْوَىٰ نُزُلًا بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٩﴾

20 Wondéné para kang padha murang yakti, lah iku geni panggonané; saben-saben kapéngin arep metu saka ing kono padha dibalèkaké ing kono, sarta padha dipangandikani: Padha ngrasakna siksa geni kang wus padha kogorohaké.

وَأَمَّا الَّذِينَ فَسَقُوا فَمَأْوَاهُمُ النَّارُ ۖ كُلَّمَا أَرَادُوا أَن يَخْرُجُوا مِنْهَا أُعِيدُوا فِيهَا وَقِيلَ لَهُمْ ذُوقُوا عَذَابَ النَّارِ الَّذِي كُنتُم بِهِ تُكَذِّبُونَ ﴿٢٠﴾

21 Lan sayekti dhèwèké bakal padha Ingsun icipaké ing siksa
Ar. *saliyané* kang luwih cepak *sadurungé* siksa kang luwih gedhé, supaya dhèwèké padha balia.[1962]

وَلَنُذِيقَنَّهُم مِّنَ الْعَذَابِ الْأَدْنَىٰ دُونَ الْعَذَابِ الْأَكْبَرِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿٢١﴾

22 Lan sapa kang luwih atindak dudu tinimbang wong kang diélingaké ing timbalan-timbalané Pangérané banjur méngo saka ing kono? Sayekti, Ingsun bakal anibakaké pidana marang para wong duraka.

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّن ذُكِّرَ بِآيَاتِ رَبِّهِ ثُمَّ أَعْرَضَ عَنْهَا ۚ إِنَّا مِنَ الْمُجْرِمِينَ مُنتَقِمُونَ ﴿٢٢﴾

RUKU' 3

Pancasan

23. Wecanipun Kanjeng Nabi Musa kelampahan. 24, 25. Para pandhèrèkipun. 26. Pèpènget saking pandumipun para titiyang jaman rumiyin. 27-30. Pratandha-pratandha badhé dhumawahipun pancasan.

23 Lan sayekti, temen Ingsun wus amaringi Kitab Musa, mulané

وَلَقَدْ آتَيْنَا مُوسَى الْكِتَابَ فَلَا تَكُن

1962. Siksa ingkang cepak, tegesipun siksa ing bumi, ingkang kénging kanggé pèpèngeting badhé wontenipun siksa ingkang langkung ageng ing akhirat.

aja dumunung ing semang-semang prakara tampané iku, sarta iku Ingsun dadèkaké tuntunan tumrap anak-turuning Israil.[1963]

فِيْ مِرْيَةٍ مِّنْ لِّقَآئِهٖ وَجَعَلْنٰهُ هُدًى
لِّبَنِيْٓ اِسْرَآءِيْلَ ﴿٢٣﴾

24 Lan sawenèhé padha Ingsun dadèkaké pangarep, padha nuntun kalawan paréntah-Ingsun, déning padha sabar, sarta marang timbalan-timbalan-Ingsun padha yakin.

وَجَعَلْنَا مِنْهُمْ اَئِمَّةً يَّهْدُوْنَ بِاَمْرِنَا
لَمَّا صَبَرُوْا ۗ وَكَانُوْا بِاٰيٰتِنَا يُوْقِنُوْنَ ﴿٢٤﴾

Ar. *antarané dhèwèké kabèh*

25 Sayekti Pangéranira iku ing dina kiyamat bakal amancasi *dhèwèké* ing dalem prakara kang ing kono dhèwèké padha sulaya.

اِنَّ رَبَّكَ هُوَ يَفْصِلُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ
الْقِيٰمَةِ فِيْمَا كَانُوْا فِيْهِ يَخْتَلِفُوْنَ ﴿٢٥﴾

26 Apa ta iku ora nuduhaké marang dhèwèké ing dalan kang bener, wis pira baé bangsa ing sadurungé dhèwèké kang padha lumaku ing padunungané kang Ingsun lebur? Sayekti, ing kono iku ana tandha-tandha; lah apa ta dhèwèké ora padha angrungokaké?

اَوَلَمْ يَهْدِ لَهُمْ كَمْ اَهْلَكْنَا مِنْ قَبْلِهِمْ
مِّنَ الْقُرُوْنِ يَمْشُوْنَ فِيْ مَسٰكِنِهِمْ ۗ اِنَّ
فِيْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ ۗ اَفَلَا يَسْمَعُوْنَ ﴿٢٦﴾

27 Apa ta padha ora andeleng anggon-Ingsun anggiring banyu marang bumi kang bera; tumuli Ingsun anggo angetokaké palawija iku minangka panganing raja-kayané sarta awaké dhéwé; lah apa ta padha ora weruh?

اَوَلَمْ يَرَوْا اَنَّا نَسُوْقُ الْمَآءَ اِلَى
الْاَرْضِ الْجُرُزِ فَنُخْرِجُ بِهٖ زَرْعًا
تَأْكُلُ مِنْهُ اَنْعَامُهُمْ وَاَنْفُسُهُمْ ۗ
اَفَلَا يُبْصِرُوْنَ ﴿٢٧﴾

28 Lan padha calathu: Kapan bakal kalakoné pancasan iki, yèn kowé padha temen?

وَيَقُوْلُوْنَ مَتٰى هٰذَا الْفَتْحُ اِنْ
كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ﴿٢٨﴾

1963. Suraosipun ayat punika andhawuhaken, bilih Kanjeng Nabi Musa sampun kaparingan kitab ingkang ngemot piweca ingkang terang bab Kanjeng Nabi Suci Muhammad. Wondéné Kitab, ingkang manut piweca wau badhé dipun paringaken dhateng Kanjeng Nabi Muhammad, punika kasasmitakaken wonten ing tembung *iku*. Ing ngriki Kanjeng Nabi Suci angsal panglipur, uninga bilih sadaya kawontenan ingkang perlu kanggé anetepaken samining kautusipun kaliyan kautusipun Kanjeng Nabi Musa punika badhé kelampahan sadaya. Ingkang wigatos piyambak saminipun wau: Kanjeng Nabi Suci kaparingan angger-angger, umatipun kaentasaken, tuwin pandhèrèkipun badhé dipun dadosaken umat ingkang ageng saha umat ingkang menang.

29 Calathua: Ing dina pancasan iku imané para kang (saiki) padha kafir ora bakal migunani sarta ora bakal padha disumenèkaké.[1964]	قُلْ يَوْمَ الْفَتْحِ لَا يَنْفَعُ الَّذِينَ كَفَرُوٓا إِيمَانُهُمْ وَلَا هُمْ يُنْظَرُونَ ﴿٢٩﴾
30 Mulané sira méngoa saka dhèwèké sarta ngentènana; sayekti, dhèwèké iya padha ngentèni.	فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ وَانْتَظِرْ إِنَّهُمْ مُنْتَظِرُونَ ﴿٣٠﴾

1964. Wontenipun pitakèn makaten punika nandhakaken kalayan terang, bilih ayat-ayat ing nginggil wau mangandikakaken bab prakawis siksanipun para titiyang wau, milanipun mesthi kémawon piyambakipun lajeng sami pitakèn bénjing punapa kelampahanipun siksa wau.

ركوعاتها ٩ سُورَةُ الْأَحْزَابِ مَدَنِيَّةٌ (٣٣) اٰياتها ٧٣

SURAT 33

AL-AHZÂB

(*Para papanthan*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*9 ruku', 73 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Sasambetan ruhani lan jasmani.
Ruku' 2. Panyerangipun para wadya papanthan dhateng Madinah.
Ruku' 3. Keplajengipun para wadyabala Papanthan: Titiyang Quraidzah pinidana.
Ruku' 4. Sugengipun Kanjeng Nabi Suci ingkang sarwa pasaja.
Ruku' 5. Pikramanipun Kanjeng Nabi kaliyan Siti Zainab.
Ruku' 6. Panyédha dhateng sugengipun asésémahan Kanjeng Nabi Suci.
Ruku' 7. Tatanan babrayan ing griya.
Ruku' 8. Titiyang ingkang sami nyebar pangawon-awon.
Ruku' 9. Pitutur dhateng para mukmin.

Namanipun

Surat punika kanamakaken *Al-Ahzâb, Para Papanthan*, ingkang tegesipun para titiyang Quraisy sami sekuton kaliyan pancer musyrik lan para titiyang Yahudi, inggih ingkang sampun kawedalaken saking Madinah, inggih ingkang taksih tetep dudunung wonten ing ngriku. Sadaya wau, kajawi ingkang dudunung wonten ing Madinah, sami nglurug dhateng Madinah sumedya badhé numpes kaum Muslimin lan adamel katlèyèkipun kaum Muslimin ingkang ambabar pisani. Saèstu punika panyerang ingkang sakalangkung ageng tumrapipun titiyang Muslimin ing salebeting kitha Madinah ingkang namung sakedhik cacah jiwanipun punika; milanipun anggènipun panyerang wau boten angsal damel, punika saèstunipun dados satunggaling lalampahan ing babad ingkang anggumunaken piyambak. Leres, wadyabala gemblèngan ingkang agengipun langkung saking tikel sadasaning wadyabala Muslimin wau kénging winastan boten katitih yudanipun déning pamukipun wadyabala Muslimin; éwadéné keplajengipun wadya sakutu wau, sanget anggènipun anjalari aliting manahipun mengsah-mengsahipun Islam, ngantos piyambakipun boten wantun malih ngayati nempuh kaum Muslimin. Awit saking punika peperangan ingkang wonten babading Islam jaman wiwitan sakalangkung misuwur wau, pantes kaanggep wigatos.

Titimangsaning tumurunipun

Surat punika ing sagemblengipun kadhawuhaken ing Madinah; déné titimangsanipun nalika katurunaken, saged katamtokaken kanthi gampil, awit perang Ahzab, utawi perang ing Jagang, punika kelampahanipun nalika wulan Sawal taun Hijrah ingkang kaping sakawan (Bkh). Prakawis sanès-sanèsipun sabagéan kathah ingkang karembag wonten ing ngriki, kadosta bab ingkang magepokan pikramanipun Kanjeng Nabi kaliyan Siti Zainab, tuwin ingkang gagandhèngan kaliyan pikramanipun Kanjeng Nabi ing saumumipun, kénging katamtokaken radi akhir sakedhik, nanging boten saged yèn kagolongaken sasampunipun taun Hijrah ingkang kaping pitu.

Gathuking suraosipun

Surat punika marsitakaken dadamel warni kalih ingkang sakalangkung déning ampuh, ingkang marambah-rambah katandukaken dhateng angganing Islam. Ingkang sapisan migunakaken kakiyatan

wadhag sumedya kanggé anumpes kaum Muslimin, ingkang angka kalih nyédha sugengipun sésémahan Kanjeng Nabi ingkang suci murni punika. Dadamel warni kalih punika wonten ing dalem babadipun Islam jaman wiwitan sampun kenyataan anggènipun boten pasah, sarta ing salajengipun sampun pinasthi inggih boten badhé pasah. Wondéné punapa sababipun déné surat punika manut urut-urutaning surat-suratipun Quran kapapanaken wonten ing ngriki, punika sampun terang sanget. Golonganing surat-surat Makkiyah ingkang sampun angundhangaken piweca ageng warni-warni, wigatos amecakaken kaluhuran ingkang badhé dipun gayuh déning para Muslimin ing wekdal ingkang badhé dhateng; lah surat punika nerangaken bilih kakiyatan ingkang dipun pigunakaken kanggé nyures Islam punika kadamel boten tumama, dados ingkang makaten punika ateges andamelaken margi tumrap para Muslimin kanggé anggayuh kaluhuran ingkang dipun janjèkaken wau.

Ingkang kawarsitakaken

Panataning urut-urutanipun surat saged katerangaken kaliyan cekak. Surat punika kawiwitan kalayan dhawuh ingkang maréntahaken ambangun turut ingkang kalayan ambabar pisani dhateng Allah, tanpa mawi anggapé pikajengipun lan pangawon-awonipun para lamis lan para kafir. Ruku' ingkang sapisan ngrembag masalah sasambetan jasmani lan ruhani ingkang dipun pupucuki dhawuh ing nginggil wau. Pangakening lésan ngaken sasambetan sanak, punika kedah boten dipun anggep manut kados tatacaranipun tiyang Arab, ingkang asring kémawon ngewer sémahipun namung kalayan ngucap bilih sémahipun wau tumrap piyambakipun kados déné biyungipun, makaten ugi dhateng tiyang ingkang kaanggep anak dipun rengkuh kados déné anakipun saèstu ing dalem sadaya samukawisipun. Tatacara warni kalih punika kasuwak sadaya. Éwadéné wonten sasambetan ingkang ngungkuli sadaya sasambetan wadhag, inggih punika sasambetan ruhani antawisipun Kanjeng Nabi Suci kaliyan para pandhèrèkipun. Punika wonten papanipun piyambak, mila inggih kedah dipun turuti punapa mesthinipun. Dados punapa ingkang kasebutaken wonten ing surat punika, punika minangka pupucuking pangrembag dhateng prakawis-prakawis ingkang badhé karembag langkung panjang wonten ing surat punika. Panempuh ageng-agengan dhateng para Muslimin ingkang katindakaken déning para titiyang Quraisy lan para sarayanipun, ingkang kapangandikakaken wonten ing ruku' ingkang kaping kalih saha kaping tiga, punika menggah ing sajatos-jatosipun tindak ingkang mengku sedya badhé numpes Islam ingkang kalayan ambabar pisani, sarana migunakaken landheping dadamel. Nanging kados déné ingkang sampun katerangaken ing ngajeng, wadya sekutu wau sami keplajeng, déné mengsah mungging cangklakan, inggih punika para titiyang Yahudi, lajeng sami dipun pidana margi anggènipun sami cidra wau. Rèhning kakiyatanipun wadhag mengsah sampun remuk kados makaten wau, milanipun prakawis ingkang angka kalih, ingkang magepokan kaliyan panyédha dhateng Kanjeng Nabi, lajeng dipun ungupaken. Panyédha dhateng Kanjeng Nabi ingkang enggel piyambak, ingkang ing jaman samangké inggih taksih sok dipun wedalaken, punika sampun kawangsulan déning Quran Suci sèwu tigangatus taun kapengker. Dados menggah ing sajatos-jatosipun sadaya panyédha dhateng sugengipun sésémahan Kanjeng Nabi, punika sampun kawangsulan wonten ing ruku' ingkang kaping sakawan punika. Pasajaning sugengipun Kanjeng Nabi ingkang tanpa wonten ingkang nyameni punika, dados kuncining wangsulan dhateng sadaya panyédha. Pasajanipun wau kapintonaken wonten ing lekasipun Kanjeng Nabi ingkang milaur pisah kaliyan para garwanipun manawi para garwa wau kenceng sedyanipun kapéngin angsal kasenengan donya kados ingkang dipun raosaken para èstri sanèsipun wonten ing balegriyanipun para sahabat. Ing wekdal wau kawontenanipun umat Islam éwah dados kawontenan mujur, nama samesthinipun manawi para garwanipun Kanjeng Nabi wau inggih sami kapéngin tumut ngraosaken kamakmuranipun umat wau. Nanging para garwa wau boten dipun pituruti pepénginanipun. Boten namung Kanjeng Nabi piyambak punika tetep sakalangkung pasaja sugengipun, ngantos sasédanipun, sarta tetep boten éwah gingsir nadyan panjenenganipun sumengka ing ngaluhur ngratoni saindhenging tanah Arab, nanging dalasan para garwanipun inggih boten dipun keparengaken nilar kapasajanipun wau. Mastani panjenenganipun, satunggaling tiyang ingkang remen nguja hawa nafsunipun, punika pranyata tindak duraka ageng. Pasajaning sugengipun ing kalanipun ngasta pusaraning praja boten wonten ingkang nyamèni, sarta boten naté pinanggih wonten ing gesangipun tiyang nadyan ingkang kados punapa kémawon luhuring bubudènipun. Panjenenganipun inggih saged maringi para garwanipun sawarnining barang ingkang nyenengaken, éwadéné panjenenganipun boten karsa nglegani pepénginanipun dhateng kadonyan para garwanipun wau, kosokwangsulipun malah mangandikani para garwa wau, manawi sami kapéngin angsal barang-barang

RUKU' 1

Sasambetan jasmani lan ruhani

1-3. Kanjeng Nabi kedah prayitna dhateng para tiyang lamis. 4, 5. Sasambetan sarana pangakenan. 6-8. Sasambetanipun para mukmin kaliyan Kanjeng Nabi.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 O, Nabi! di rumeksa ing (wajibira marang) Allah sarta aja *nuruti* (*karepé*) para kafir lan para lamis; sayekti Allah iku Udani, Wicaksana;[1965]

Ut. *manut*

يٰٓاَيُّهَا النَّبِيُّ اتَّقِ اللّٰهَ وَلَا تُطِعِ الْكٰفِرِيْنَ وَالْمُنٰفِقِيْنَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ①

2 Lan mituruta apa kang kawedharaké marang sira saka Pangéranira; sayekti Allah iku Waspada marang sabarang kang padha sira lakoni;

وَّاتَّبِعْ مَا يُوْحٰٓى اِلَيْكَ مِنْ رَّبِّكَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرًا ②

3 Sarta suméndhéa marang Allah; lan wis cukup minangka Pangayoman.

وَّتَوَكَّلْ عَلَى اللّٰهِ ۗ وَكَفٰى بِاللّٰهِ وَكِيْلًا ③

wau, panjenenganipun boten saged kanggènan malih wonten ing dalemipun. Punika saged dados pasaksèn ingkang kiyat bilih sadaya pikramanipun Kanjeng Nabi punika boten sanès kajawi namung mengku sedya ingkang suci tur linuhung.

Ruku' ingkang kaping gangsal marsitakaken pikramanipun Kanjeng Nabi kaliyan Siti Zainab, sarta nulak panyédha dhateng panjenenganipun ingkang margi saking punika. Ruku' ingkang kaping nem nulak panyédha ing saumumipun dhateng sugengipun sésémahan Kanjeng Nabi. Ruku' pitu dhawuh dhateng para Muslimin supados anggatosaken dhateng tatanan babrayan ing griya. Ruku' wolu mangandikakken para titiyang ingkang nyebar pangawon-awon. Ruku'ingkang kaping sanga mungkasi surat punika kalayan pitutur dhateng para mukminin.

1965. Kanjeng Nabi kadhawuhan medhot sadaya sasambetan kaliyan tiyang kafir lan tiyang lamis sarta kadhawuhan sampun ngantos Kanjeng Nabi mituruti kajengipun para titiyang wau, awit *itha'ah* makaten tegesipun *mituruti* utawi *minangkani kajengipun tiyang* (LL). Surat punika katurunaken nalika wadyabalanipun para pancer Arab ingkang ngempal dados satunggal saha kiyat ngancam nagari Madinah saking jawi tuwin para lamis biyantu saking nglebet, sumedya badhé nglebur para Muslimin. Ing wekdal ingkang mutawatosi makaten wau, perlu sanget para Muslimin (inggih punika ingkang sajatosipun katuju ing tembung "O Nabi") puguh boten tumiyung dhateng mengsahipun bubuyutan, awit pokalipun mengsah wau kadhawuhaken wonten ing panggènan sanès makaten: "Dhèwèké ora wurung padha gawé pituna ing sira; padha dhemen sabarang kang anusahaké sira" (3: 117).

Manawi tegesipun tambung *tuthi'* ingkang limrah, kados ingkang kaserat ing margin punika ingkang dipun anggé, dhawuh punika lajeng mengku suraos, Kanjeng Nabi kadhawuhan sampun ngantos mraduli dhateng para tukang maoni dhateng panjenenganipun, jalaran sedyanipun para tukang maoni wau namung badhé ngawon-awon, sadaya tindak mesthi dipun pétani dipun upadosi ingkang kénging dipun anggé garan ngawon-awon.

Ut. *wong kang karengkuh anak*

4 Allah ora andadèkaké ati loro tumrap wong sawiji ana ing jeroning awaké;[1966] lan Panjenengané ora andadèkaké rabi-rabinira, kang gegeré padha sira padhakaké karo gegeré biyungira, iku dadi biyungira; sarta Panjenengané ora andadèkaké *anak-anakira angkat* iku dadi anak-anakira temenan; iki pangucapira kalawan lésanira; lan Allah iku angandhakaké kasunyatan sarta Panjenengané iku anuntun (ing) dalané (kang bener).[1967]

مَا جَعَلَ اللّٰهُ لِرَجُلٍ مِّنْ قَلْبَيْنِ فِيْ جَوْفِهٖ ۚ وَمَا جَعَلَ اَزْوَاجَكُمُ الّٰٓـِٔيْ تُظٰهِرُوْنَ مِنْهُنَّ اُمَّهٰتِكُمْ ۚ وَمَا جَعَلَ اَدْعِيَآءَكُمْ اَبْنَآءَكُمْ ۗ ذٰلِكُمْ قَوْلُكُمْ بِاَفْوَاهِكُمْ ۗ وَاللّٰهُ يَقُوْلُ الْحَقَّ وَهُوَ يَهْدِى السَّبِيْلَ ④

Ar. *marang*

5 Padha uwuhen *kalawan nyebut* bapak-bapakné; iku luwih jejeg mungguh ing Allah; ananging manawa sira ora weruh bapak-bapakné, lah iya sadulurira ing dalem agama lan mitranira; lan ora

اُدْعُوْهُمْ لِاٰبَآئِهِمْ هُوَ اَقْسَطُ عِنْدَ اللّٰهِ ۚ فَاِنْ لَّمْ تَعْلَمُوْٓا اٰبَآءَهُمْ فَاِخْوَانُكُمْ فِى الدِّيْنِ وَمَوَالِيْكُمْ ۗ وَلَيْسَ عَلَيْكُمْ

1966. Dhawuh punika boten gagandhèngan kaliyan dhawuh candhakipun (Rz), wangsul ngringkes punapa ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing ayat ingkang sampun. Ing ayat ingkang sampun wau Kanjeng Nabi kadhawuhan sampun ngantos tumiyung dhateng para kafir tuwin para lamis, wangsul kedah namung suméndhé dhateng Allah piyambak, awit manah satunggal boten saged sareng-sareng tresna ing Allah lan tresna ing mengsah-mengsahipun Allah.

1967. Dhawuh punika nyuwak adat tata-cara warni kalih ingkang tumindhak nalika jaman Jahiliyah (tanah Arab nalika jaman sadèrèngipun Islam). Ingkang sapisan tatacara ingkang winastan *dzihâr* tuwin *mudzâhirah*. *Dzihâr* punika sanès pegat ingkang salugu-lugunipun pegat. Déné tembung *dzihâr* punika asli saking tembung *dzhar*, jawinipun *geger* ظاهر من امرأته tegesipun *cariyos dhateng ingkang èstri*: انت علی كظهر امی *tumrapé aku kowé iku kaya gegeré embokku*. Samangsa tetembungan punika kaucapaken, sesambetan antawisipun laki lan rabi pedhot thel kados déné pegat, kaotipun ingkang èstri boten lajeng mardika nilar griyaning lakinipun. Pun èstri tetep nunggil sagriya kaliyan ingkang jaler, nanging ing salami-laminipun boten dipun kempali sacara tiyang sésémahan, dadosipun èstri wau kados déné èstri ingkang dipun kèwèr. Déné tata-cara satunggalipun inggih punika nganggep anak pupon kados anakipun saèstu. Dhawuh punika, anggènipun nyirnakaken tata-cara warni kalih wau, mawi sabab ingkang sami; sémah boten saged dados biyung ingkang sajati, makaten ugi tiyang sanès, inggih boten saged manjing dados anak saèstu. Pangakenan thok, boten saged manjing dados anak saèstu. Pangakenan thok, boten saged netepaken tatangsuling gotrah.

Adat tata-cara warni kalih ingkang nunggil cakrik, kasuwak sasarengan mawi awaton sabab ingkang sami, sanès sabab ingkang mengku pamrih ingkang namung tumuju dhateng salah satunggal, punika sampun saged kanggé nglepataken andharan lepat ingkang amastani, bilih anggènipun Kanjeng Nabi nyuwak salah satunggalipun tata-cara wau, karana badhé kanggé ngapsahaken anggènipun krama kaliyan tilas sémahipun sahabat Zaid. Kajawi punika, boten wonten bukti-bukti ingkang nedahaken, bilih dhawuh punika anggènipun katurunaken ing sasampunipun wonten kawontenan-kawontenan, ingkang mahanani Kanjeng Nabi mundhut garwa tilas sémahipun sahabat Zaid. Lan malih, anggènipun prakawis warni kalih wau wonten ing Quran karembag piyambak-piyambak, punika anedahaken bilih kakalih wau boten wonten sasambetanipun.

Bab *dzihâr* karembag kanthi panjang wonten ing ruku' ingkang sapisan ing surat angka 58.

kaluputan ing atasé sira ing bab anggonira kliru tumrap prakara iku, ananging (ing bab) barang kang kalawan jaragan dilakoni déning atinira (iku sira bisa kaluputan), lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

جُنَاحٌ فِيمَآ أَخْطَأْتُم بِهِۦ وَلَٰكِن مَّا
تَعَمَّدَتْ قُلُوبُكُمْ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ
غَفُورًا رَّحِيمًا ۝

Ar. *ing dalem*

6 Andika Nabi iku luwih wewenangé marang para mukmin tinimbang para mukmin marang awaké dhéwé, sarta para garwané iku (minangka) para ibuné (para mukmin);[1968] sarta kang para duwé sasambungan kulawarga, iku *miturut* angger-anggering Allah, kang sawenèh wewenangé angungkuli sawenèhé tumrap warisan tinimbang para mukmin (liyané) sarta (tinimbang) para kang ngili (atinggal omahé), kajaba manawa sira arep agawé kabecikan marang mitra-mitranira;[1969] iki katulis ana ing dalem Kitab.

ٱلنَّبِىُّ أَوْلَىٰ بِٱلْمُؤْمِنِينَ مِنْ أَنفُسِهِمْ
وَأَزْوَٰجُهُۥٓ أُمَّهَٰتُهُمْ ۗ وَأُو۟لُوا۟ ٱلْأَرْحَامِ
بَعْضُهُمْ أَوْلَىٰ بِبَعْضٍ فِى كِتَٰبِ ٱللَّهِ
مِنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ وَٱلْمُهَٰجِرِينَ إِلَّآ أَن
تَفْعَلُوٓا۟ إِلَىٰٓ أَوْلِيَآئِكُم مَّعْرُوفًا ۚ كَانَ
ذَٰلِكَ فِى ٱلْكِتَٰبِ مَسْطُورًا ۝

1968. Yaktinipun Kanjeng Nabi punika tumrap para mukminin tikel-matikel langkung katimbang bapa. Panjenenganipun sampun angentas para mukminin saking salebeting kawontenan biadab, sinengkakaken ing ngaluhur kadadosaken manusa sajati. Awit saking punika Kanjeng Nabi punika dhateng para mukminin langkung ageng wewenangipun katimbang para mukminin piyambak, sarta tatangsuling katresnan ingkang ngiket para mukmin kaliyan panjenenganipun, punika langkung kiyat katimbang tatangsuling katresnan tuwin mimitran limrah. Déné dhawuh pratélan ازواجه امهاتهم punika namung mengku teges, rèhning Kanjeng Nabi punika sasambetanipun ruhani kaliyan para mukminin kados déné bapa, milanipun para garwanipun punika ugi kedah ingaji-aji kados déné ibu, salajengipun ing ayat 53 kasebutaken, ing sapengkeripun Kanjeng Nabi para garwa wau ingawisan palakrama kaliyan tiyang mukmin sintena kémawon.

1969. Ing sakawit nalika para Muslimin dhateng ing Madinah, ing antawisipun sahabat Muhajirin (para Muslimin Makkah ingkang sami ngungsi) lan para sahabat Anshar (para Muslimin Madinah ingkang sami tutulung) lajeng tuwuh wonten pasadhèrèkan; saben sahabat Muhajir satunggal, manjing dados sadhèrèk kaliyan sahabat Anshar satunggal, sarta sintena ingkang sampun kaiket ing pasadhèrèkan ingkang kados makaten wau, manawi salah satunggal ngajal, satunggalipun (ingkang kantun) gadhah wewenang maris barang titilaranipun, manut adat tata-cara Arab kina. Dhawuh punika nyuwak tata-cara wau; pasadhèrèkan dipun lastantunaken, nanging pasadhèrèkan Islam ingkang langkung wiyar suraosipun, déné waris-winaris, ingkang dipun keparengaken ngemungaken ing antawisipun krabat ingkang saèstu. Pasadhèrèkan Islam boten ambekta wewenang saged waris-winaris, nanging tiyang Islam saged mitulungi sadhèrèkipun Islam sarana pawèwèh utawi sarana damel wasiyat kanggé sadhèrèkipun Islam wau. Lah inggih punika, suraosipun dhawuh ing kang mungel: *kajaba manawa arep gawé kabecikan marang mitra-mitranira* wau.

7 Lan nalika Ingsun amundhut sasanggemané para nabi sarta sasanggemanira lan sasanggemané Nuh tuwin Ibrahim apa déné Musa lan ‘Isa ibnu Maryam, lan Ingsun amundhut sasanggeman kang kukuh marang dhèwèké kabèh,[1970]

وَإِذْ أَخَذْنَا مِنَ النَّبِيِّينَ مِيثَاقَهُمْ
وَمِنكَ وَمِن نُّوحٍ وَإِبْرَاهِيمَ وَمُوسَىٰ
وَعِيسَى ابْنِ مَرْيَمَ ۖ وَأَخَذْنَا مِنْهُم
مِّيثَاقًا غَلِيظًا ⑦

8 Pamurihé, Panjenengané bakal andangu para wong temen prakara temené sarta Panjenengané wus anyadhiyakaké siksa kang anglarani tumrap wong kafir.

لِّيَسْأَلَ الصَّادِقِينَ عَن صِدْقِهِمْ ۚ وَ
أَعَدَّ لِلْكَافِرِينَ عَذَابًا أَلِيمًا ⑧

RUKU’ 2

Panyerangipun para wadya papanthan dhateng Madinah

9-11. Serangan anggigirisi saking sisih pundi-pundi. 12-20. Para titiyang lamis sarta anggènipun boten setya.

9 É, para kang padha angèstu! padha angélingana nugrahaning Allah marang sira, nalikané para wadyabala anekani sira,[1971] tumuli

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اذْكُرُوا نِعْمَةَ اللَّهِ
عَلَيْكُمْ إِذْ جَاءَتْكُمْ جُنُودٌ فَأَرْسَلْنَا

1970. Lirnrahipun sasanggeman ing ngriki punika kasuraos: sasanggeman bab andhatengaken ayahaning anggènipun kautus para andika nabi wau (Bd), ingkang angsal-angsalanipun: tiyang ingkang ambangun-turut ing yakti angsal ganjaran, tiyang ingkang angemohi yakti kasiksa. Nanging mirsanana 3: 80, ingkang mangandikakaken bab Allah mundhut sasanggemanipun para nabi sasanggeman ing ngriku, ingkang gagandhèngan kaliyan miyosipun Kanjeng Nabi Suci, kasebutaken wonten ing Bébel lalampahanipun para rasul 3: 21 tuwin ing panggènan sanès; déné rembagipun ingkang panjang sampun kasebutaken ing tafsir angka 458. Wonten ingkang sajak boten mantuk, inggih punika ing ngriki kapangandikakakcn bilih Kanjeng Nabi Suci piyambak inggih kapundhutan sasanggeman. Déné katranganipun dhawuh pratélan wau mengku karsa mangandikakaken bilih Kanjeng Nabi punika ngleresaken sadaya wahyu ingkang sampun-sampun; ing Quran Suci dhasar tatalesing imanipun tiyang Islam punika kasebutaken makaten: “lan kang padha angèstu ing barang kang kadhawuhaké marang sira lan barang kang kadhawuhaké ing sadurungira” (2: 4).

Utawi, mundhut sasanggemanipun para nabi punika ugi saged mengku teges: anjumenengaken para nabi wau nglenggahi pangkat kanabian sarta maringi para andika nabi wau kitab suci kanggé nuntun umatipun. Saben nabi mesthi kagungan pandhèrèk sarta inggih kagungan mengsah; garapipun Allah dhateng golongan kakalih punika ajeg; para ambanguntурut mesthi kaganjar, para mengsah mesthi kasiksa. Lah makaten ugi golongan kakalih ing sapunika, mesthi inggih dipun garap kados makaten wau.

1971. Lalampahan ingkang kaandharaken ing ruku’ punika saha ing sapéranganing ruku’ candhakipun, punika lalampahan nalika nagari Madinah kinepang wakul binaya mangap déning wadyabala Quraisy dalah sarayanipun ingkang ngempal dados satunggal. Sarayanipun tiyang Quraisy inggih punika: tiyang Gathfan, tiyang Asyja’ tuwin tiyang Murrah, tiyang Fidharah, tiyang Sulaim, tuwin tiyang Bani Sa’d lan Bani Asad, kabiyantu pancer Yahudi Bani Nadlir tuwin Bani Quraidzah; déné tiyang Yahudi Bani Quraidzah punika sajatosipun sampun aprajanjian sakuthon kaliyan titiyang Muslimin. Miturut sawenèh cacahipun wadyabala kafir gunggung kempal wonten sadasa èwu jiwa,

Ingsun angutus angin[1972] sarta wadyabala kang ora katon ing sira[1973] anempuh dhèwèké, lan Allah iku Amriksani marang apa kang padha sira lakoni.

عَلَيْهِمْ رِيْحًا وَّجُنُوْدًا لَّمْ تَرَوْهَا ۗ وَ
كَانَ اللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرًا ۝٩

10 Nalika padha anekani sira saka ing dhuwurira lan saka ing ngisorira,[1974] lan nalikané pandeleng padha buthek sarta ati padha munjuk tumeka ing tenggok, lan sira padha anyana ing Allah kalawan panyana warna-warna.[1975]

اِذْ جَآءُوْكُمْ مِّنْ فَوْقِكُمْ وَمِنْ اَسْفَلَ
مِنْكُمْ وَاِذْ زَاغَتِ الْاَبْصَارُ وَ بَلَغَتِ
الْقُلُوْبُ الْحَنَاجِرَ وَتَظُنُّوْنَ بِاللّٰهِ الظُّنُوْنَا ۝١٠

11 Ing kono para angèstu padha cinoba sarta padha digonjingaké kalawan gonjing kang abanget.

هُنَالِكَ ابْتُلِيَ الْمُؤْمِنُوْنَ وَ زُلْزِلُوْا
زِلْزَالًا شَدِيْدًا ۝١١

12 Lan nalika para lamis sarta para kang ing atiné ana lalarané padha calathu: Allah lan utusan-É ora anjanjèni (kamenangan marang) aku kabèh, ora liya kajaba mung apus-apusan.[1976]

وَاِذْ يَقُوْلُ الْمُنٰفِقُوْنَ وَالَّذِيْنَ فِيْ
قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ مَّا وَعَدَنَا اللّٰهُ وَ
رَسُوْلُهٗٓ اِلَّا غُرُوْرًا ۝١٢

---

déné titiyang MusIimin namung wonten watawis sapra sadasanipun. Kanjeng Nabi mutusaken tetep wonten ing salebeting kitha Madinah, sarta kanggé nanggulangi panempuhing wadyabalanipun mengsah ingkang kiyat wau, dipun damelaken jagang (jogangan). Peperangan kelampahan ngantos pinten-pinten dinten, wasananipun wadyabalanipun mengsah sami lumajeng sasaran nalika wonten prahara ing wanci dalu, tur tanpa saged adamel pituna dhateng titiyang Muslimin sakedhik-kedhika.

1972. Ingkang dipun karsakaken lésus ageng ingkang anjalari mengsah sami lumajeng. Tuwan Muir nerangaken: "Manahipun sampun sami alit lan nglokro, kawimbuhan malih ing satunggaling dalu piyambakipun katempuh ing asrep saha prahara ageng. Angin lan jawah nempuh dhateng pakuwonipun kanthi boten ngèngèh-ngèngèh. Prahara andados malih dados angin lésus ingkang sakalangkung ageng. Latu sami pejah, tarubipun sami kabur, pirantos-pirantos kanggé olah tetedhan tuwin bekakas sanès-sanèsipun sami mawut-mawut boten kanten-kantenan."

1973. Wadyabala ingkang boten katingal punika wadyabala malaikat ingkang damel pepesing manahipun mengsah. Saupami botena sampun kadamel pepes manahipun boten angsal damel anggènipun nempuh titiyang Muslimin ingkang sampun kinepang, namung prahara thok tangèh lamun saged mahanani wadyabala ingkang cacahipun 10.000 jiwa wau lumajeng sasaran ngantos abusekan tambuh-tambuh solahipun. Pitulungipun malaikat punika sampun kajanjèkaken wonten 3: 124, ingkang kalayan cetha nyebutaken panempuhing mengsah ingkang dumarojog wau, makaten: "O, manawa sira padha teteg lan padha bekti, sarta dhèwèké padha dumrojog anekani sira, Pangéranira bakal angréwangi sira kalawan malaikat pangrusak limang èwu."

1974. Titiyang Gathfan pacak baris wonten sisih wétanipun kitha, ing péranganing jujurang ingkang inggil, titiyang Quraisy ing sisih kilèn, ing péranganing jujurang ingkang ngandhap (Bd).

1975. Paningal sami buthek sarta manah sami munjuk dumugi ing tenggok, punika tegesipun titiyang Muslimin sami kuwatos; sarta inggih mèmper kémawon yèn kuwatosa, lah tiyang kaum

1976. *Mirsanana kaca candhakipun.*

13 Lan nalika dhèwèké ana sapantha sing ngucap: É, para wong Yatsrib![1977] (ing kéné) ora ana panggonan tumrap ing kowé, mulané padha balia;[1978] lan dhèwèké kang sapérangan anjaluk pamit marang Nabi, tembungé: saèstu griya kula boten mitayani; lan ora kok iku ora mitayani; ora liya kajaba padha arep mlayu.

وَإِذْ قَالَت طَّائِفَةٌ مِّنْهُمْ يَا أَهْلَ يَثْرِبَ لَا مُقَامَ لَكُمْ فَارْجِعُوا ۚ وَيَسْتَأْذِنُ فَرِيقٌ مِّنْهُمُ النَّبِيَّ يَقُولُونَ إِنَّ بُيُوتَنَا عَوْرَةٌ ۛ وَمَا هِيَ بِعَوْرَةٍ ۛ إِن يُرِيدُونَ إِلَّا فِرَارًا ﴿١٣﴾

14 Lan manawa dhèwèké padha dileboni (mungsuh) saka talatah sisihé, banjur ditari supaya amangun perang, amasthi anglaksanani, lan ora bakal dumunung ing kono kajaba mung sadhéla.[1979]

وَلَوْ دُخِلَتْ عَلَيْهِم مِّنْ أَقْطَارِهَا ثُمَّ سُئِلُوا الْفِتْنَةَ لَآتَوْهَا وَمَا تَلَبَّثُوا بِهَا إِلَّا يَسِيرًا ﴿١٤﴾

a. 126

Ar. *janji-ning*

15 Lan sayekti temen dhèwèké wus padha anyanggemi Allah ing sadurungé iku[a] (yèn) ora bakal padha ambalik geger; lan *janji ing* Allah iku bakal dadi pandangon.

وَلَقَدْ كَانُوا عَاهَدُوا اللَّهَ مِن قَبْلُ لَا يُوَلُّونَ الْأَدْبَارَ ۚ وَكَانَ عَهْدُ اللَّهِ مَسْئُولًا ﴿١٥﴾

Muslimin sakedhik sanget cacahipun teka kapeksa nanggulangi wadyabala ingkang samanten kiyatipun. Panyana warni-warni ateges para ingkang alit manahipun tuwin para lamis sami kuwatos manawi janjining Allah boten nyata sarta mengsah saèstu saged nglebur piyambakipun. Déné gagasanipun titiyang mukminin, kasebutaken ing ayat 22.

1976. Piweca-piwecanipun Quran Suci ingkang amecakaken menangipun ingkang wekasan agami Islam saha unggulipun para Muslimin, punika sanès ungel-ungelan ingkang kemeng suraosipun, wangsul sabda pangandika ingkang terang gamblang saha ceplos, awit saupami botena makaten, yekti para lamis boten mungel kados ingkang kawarsitakaken ing ayat punika. Janji badhé kaparingan kamenangan genah sampun cetha awéla-wéla, nanging nitik kawontenan, mokal sagedipun janji wau kelampahan saèstu wahananipun, milanipun para ingkang alit manahipun sami wicanten, bilih janji kamenangan wau namung kanggé ngapusi piyambakipun.

Kedah dipun pèngeti bilih para ingkang sami alit manahipun, punika wonten ing ngriki kaèwokaken kaliyan para lamis aliyas tiyang munafék. Lah manawi tiyang ingkang sami ngaken Islam ing jaman samangké punika dipun todhi mawi panglèlèr kados makaten punika, badhé kacepeng pinten kathahipun ingkang nama tiyang Islam sajati ?

1977. *Yatsrib* punika namanipun kitha Madinah ing sadèrèngipun Kanjeng Nabi hijrah mriku.

1978. Terangipun, balia marang panembah-brahala kanggo nylametaké uripmu, utawi: mundura lan bali marang omah-omahmu (Bd).

1979. Ayat-ayat punika sadaya nerangaken kawontenanipun para lamis, ingkang sami damel-damel pawadan murih boten tumut perang lumawan mengsahipun kaum Muslimin. Saupami mengsah lumebet dhateng kitha sarta ngajak piyambakipun tumut merangi kaum Muslimin, piyambakipun mesthi lajeng samapta ing perang. Dhawuh ingkang wekasan nedahaken, bilih nadyan medal saking kitha Madinah pisan, lajeng nempuh kaum Muslimin, piyambakipun inggih puran-purun kémawon, dadosipun prakawis rumeksa griya-griyanipun, piyambakipun sampun boten mraduli.

Ar. *saka*

16 Calathua: Mlayu iku ora bakal maédahi marang sira manawa sira mlayu *angoncati* pati utawa pinrajaya, lan ing kono ora bakal sira pinareng angrasakaké kasenengan kajaba sathithik.

قُلْ لَّنْ يَّنْفَعَكُمُ الْفِرَارُ اِنْ فَرَرْتُمْ
مِّنَ الْمَوْتِ اَوِ الْقَتْلِ وَاِذًا لَّا تُمَتَّعُوْنَ
اِلَّا قَلِيْلًا ﴿١٦﴾

Ut. *angreksa*

b. 1928A

Ar. *lan ora (bakal éntuk*

17 Calathua: Sapa kang bisa *angayomi* sira saka Allah manawa Panjenengané karsa agawé ala marang sira, utawa (sapa kang bisa anduwa, manawa) Panjenengané karsa aparing wilasa marang sira?[b] Lan saliyané Allah dhèwèké ora bakal éntuk pangayoman *utawa* panulung.

قُلْ مَنْ ذَا الَّذِيْ يَعْصِمُكُمْ مِّنَ اللّٰهِ
اِنْ اَرَادَ بِكُمْ سُوْٓءًا اَوْ اَرَادَ بِكُمْ
رَحْمَةً ۗ وَلَا يَجِدُوْنَ لَهُمْ مِّنْ دُوْنِ
اللّٰهِ وَلِيًّا وَّلَا نَصِيْرًا ﴿١٧﴾

18 Temen Allah angudanèni sira kang padha mamalangi sarta kang padha calathu marang sadulur-saduluré: ngumpula marang aku kéné; lan ora padha tumeka marang paprangan kajaba mung sathithik.

قَدْ يَعْلَمُ اللّٰهُ الْمُعَوِّقِيْنَ مِنْكُمْ
وَالْقَآئِلِيْنَ لِاِخْوَانِهِمْ هَلُمَّ اِلَيْنَا ۚ وَ
لَا يَاْتُوْنَ الْبَاْسَ اِلَّا قَلِيْلًا ﴿١٨﴾

Ut. *mubeng*

19 Padha kumed marang sira; ananging nalika si wedi anekani, sira weruh dhèwèké padha angawasaké marang sira, mripaté padha *pandirangan* kaya wong kang semaput saking déning pati; ananging bareng si wedi wis lunga, padha ambalang sira kalawan lisan kang landhep-landhep, kumed ing atasé prakara becik. Iki ora padha angèstu, mulané Allah amusprakaké panggawé-panggawéné; lan iki ingatasé Allah gampang.

اَشِحَّةً عَلَيْكُمْ ۖ فَاِذَا جَآءَ الْخَوْفُ
رَاَيْتَهُمْ يَنْظُرُوْنَ اِلَيْكَ تَدُوْرُ اَعْيُنُهُمْ
كَالَّذِيْ يُغْشٰى عَلَيْهِ مِنَ الْمَوْتِ ۚ فَاِذَا
ذَهَبَ الْخَوْفُ سَلَقُوْكُمْ بِاَلْسِنَةٍ حِدَادٍ
اَشِحَّةً عَلَى الْخَيْرِ ۗ اُولٰٓئِكَ لَمْ يُؤْمِنُوْا
فَاَحْبَطَ اللّٰهُ اَعْمَالَهُمْ ۗ وَكَانَ ذٰلِكَ
عَلَى اللّٰهِ يَسِيْرًا ﴿١٩﴾

20 Dhèwèké padha ngira para papanthan ora padha oncat, sarta manawa para papanthan padha teka (manèh), dhèwèké padha kapéngin

يَحْسَبُوْنَ الْاَحْزَابَ لَمْ يَذْهَبُوْا ۚ وَ
اِنْ يَّاْتِ الْاَحْزَابُ يَوَدُّوْا لَوْ اَنَّهُمْ

ana ing sagara wedhi ing (padunu-ngané) wong Arab-sagara wedhi, arep atatakon prakara wartanira, lan manawa ana ing kalanganira dhèwèké ora padha tumandang perang kajaba mung sathithik.

بَادُوْنَ فِي الْأَعْرَابِ يَسْأَلُوْنَ عَنْ أَنْبَآئِكُمْ ۖ
وَلَوْ كَانُوْا فِيْكُمْ مَّا قٰتَلُوْٓا إِلَّا قَلِيْلًا ﴿٢٠﴾

RUKU’ 3

Keplajengipun para Papanthan: titiyang Quraidzah pinidana

21. Kanjeng Nabi punika conto. 22-24. Imanipun para mukmin mindhak dados santosa déning piweca. 25. Mengsah wangsul boten angsal damel. 26, 27. Amidana dhateng Bani Quraidzah.

21 Sayekti, temen, ing Utusan ing Allah sira duwé conto kang utama tumrap sapa-sapa sing anga-rep-arep ing Allah sarta dina weka-san tuwin akèh élinga ing Allah.[1980]

لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِيْ رَسُوْلِ اللّٰهِ أُسْوَةٌ
حَسَنَةٌ لِّمَنْ كَانَ يَرْجُوا اللّٰهَ وَالْيَوْمَ
الْآخِرَ وَذَكَرَ اللّٰهَ كَثِيْرًا ﴿٢١﴾

1980. Ayat punika marsitakaken kasunyatan ingkang sakalangkung wigatos tuwin sisifatanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang miyambaki, inggih punika: Kanjeng Nabi punika conto ingkang saé piyambak tuwin kaca-benggala ingkang linuhung piyambak kanggé tuladhanipun katulusan tumrap para mukminin. Kawontenan-kawontenan ingkang sok dipun pigunakaken mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi kanggé mancahi panjenenganipun, punika menggah ing sajatos-jatosipun malah kaéndahanipun ingkang sajati sugengipun Kanjeng Nabi. Tiyang *sentimentalist* (inggih punika tiyang ingkang keladuk namung nganggé raos pangraosipun kémawon, ngantos boten manah bab prakawis tumindhakipun) manawi nyariyosaken makaten: sebagai juru-pembangun ingkang kinuya-kuya ing Makkah, panjenenganipun pancèn mintonaken conto ingkang adi-luhung; nanging sareng dados pangageng ing praja ing Madinah, panjenenganipun lajeng remen mangun yuda, asring mundhut garwa, dhawuh mejahi mengsah-mengsahipun, sarta nindakaken pandamel warni-warni bangsanipun punika, ingkang pancènipun prayogi boten katindakaken. Nanging sedya ingkang winengku ing rawuhipun Kanjeng Nabi, punika boten kok namung badhé nglegani manahipun para *sentimentalist*, sarana maringi piwulang-piwulang budi-pakarti, ingkang wonten ing gesanging manusa babar pisan boten saged tumindhak, sarta namung mligi maringi tepa-tuladha ingkang linuhung ing bab kasabaran duk kalanipun nandhang panguya-uya ingkang sanget, namung punika thok, tanpa maringi pranatan ingkang saged katindakaken minangka kanggé tuntunaning manusa-manusa ingkang gesang saha makarya wonten ing donya punika, punapa déné boten mawi maringi tuladha tumindhakipun kalayan tindakipun. Boten kados makaten wau ingkang dipun sedya rawuhipun Kanjeng Nabi punika. Saupami panjenenganipun boten naté nyénapaténi wadyabala, yekti panjenenganipun boten kénging dipun anggé conto tumrap sénapati ingkang ngangkataken wadyabalanipun dhateng paprangan. Saupami panjenenganipun dèrèng naté nyarirani tumut perang, yekti panjenenganipun boten kénging dipun anggé conto tumrap prajurit satria tama ingkang ngurbanaken jiwa raganipun kanggé ambélani yakti, kaadilan, tuwin kamardikan. Saupami panjenenganipun boten yasa angger-angger kanggé tuntunan tumrap para pandhèrèkipun, sayekti panjenenganipun boten naté nganggep dados conto ingkang monjo piyambak tumrap juru-yasa angger-angger. Saupami panjenenganipun dèrèng naté mutusi prakawis, yekti panjenenganipun boten saged dados papadhang tumrap para jaksa tuwin para juru hukum. Saupami panjenenganipun boten naté palakrama, yekti tiyang boten angsal pitedah ing bab tumindakipun sapalihing kawajibanipun ing sadinten-dinten, sarta tiyang boten angsal papadhang kados pundi dados sémah ingkang ambek-saé lan ambek-tresna punika, lan kados pundi dados bapa ingkang ambek-asih punika. Saupami panjenenganipun boten karsa males dhateng tukang nganiaya margi anggènipun miawon dhateng tiyang ingkang boten lepat, sarta saupami panjenenganipun boten

22 Lan bareng para mukmin weruh para papanthan, padha calathu: iki barang sing dijanjèkaké déning Allah lan Utusan-É marang aku kabèh, lan Allah sarta Utusan-É iku pangandikané temen; lan iku ora liya kajaba amuwuhi imané lan sumarahé.[1981]

وَلَمَّا رَءَا الْمُؤْمِنُونَ الْأَحْزَابَ قَالُوا
هَٰذَا مَا وَعَدَنَا اللَّهُ وَرَسُولُهُ وَصَدَقَ
اللَّهُ وَرَسُولُهُ ۚ وَمَا زَادَهُمْ إِلَّا
إِيمَانًا وَتَسْلِيمًا ﴿٢٢﴾

23 Sawenèhé para angèstu ana wong kang padha anuhoni apa

مِنَ الْمُؤْمِنِينَ رِجَالٌ صَدَقُوا مَا

nelukaken mengsah-mengsahipun ingkang remen nganiaya ingkang lajeng dipun apunten dosanipun, tuwin saupami panjenenganipun kasdu boten midana ing tindak lepat dupèh ingkang anindakaken punika tiyang ingkang raket kaliyan panjenenganipun, saupami panjenenganipun punika kados makaten wau, sayekti panjenenganipun boten saged dados conto ingkang utami tuwin tepa-tuladha ingkang sampurna, kados ingkang kadhawuhaken ing ngriki. Pancèn sifatipun ingkang miyambaki sugengipun Kanjeng Nabi punika, déné panjenenganipun punika boten namung maringi pranatan ingkang kénging katindakaken kanggé tuntunan tumrap sadaya tindaking ngagesang kémawon, nanging panjenenganipun inggih nuladhani sarana sugengipun, kados pundi cak-cakanipun pranatan wau sadaya.

Wonten prakawis kalih bab pantes pinèngetan ing ngriki. Sapisan, rèhning Kanjeng Nabi punika conto, dadosipun panjenenganipun punika sampun cekap kanggé mangsuli titiyang ingkang ngawon-awon dhateng panjenenganipun; jalaran margi manusa makaten betah dhateng tuntunan kanggé pitedahing margi ing kalanipun ngalami warni-warnining kawontenan tuwin lalampahan ing donya, Kanjeng Nabi angalami sadaya lalampahan lan kawontenan wau. Kaping kalihipun, sifat-sifatipun budipakarti ingkang sumingid boten kawistara wonten ing dalem manusa, punika badhé lastantun boten makardi, ngantos manawi sifat-sifat wau dipun makardékaken. Awit saking punika tiyang boten wenang ngaken kasinungan sifatipun budipakarti ingkang luhur, manawi piyambakipun dèrèng mintonaken sifat-sifat wau wonten ing masakalanipun ingkang prayogi.

Déné masakala ingkang katuju ing dhawuh, Kanjeng Nabi dados conto tumrap para mukmin, punika nalika panjenenganipun mintonaken kasantosanipun ingkang ageng duk kalanipun ngalami babaya ingkang sakalangkung anggigirisi kumandel dhateng pitulunging Pangéran, tuwin tetep mantep salebetipun nandhang coba ingkang sakalangkung ageng. Titiyang mukmin kadhawuhan sampun sami telas manahipun, wangsul samia nulad tépatuladhanipun Kanjeng Nabi Suci. Punika langkung-langkung malih dipun anggé mangsuli pangawon-awonipun para mengsahing Islam, ingkang ing salajengipun karembag wonten ing surat punika.

1981. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki janjining Pangéran, bilih badhé dhateng masakalanipun wadyabala sakutu Arab badhé keplajeng. Janji punika anggènipun kaparingaken sampun let dangu ing sadèrèng-dèrèngipun, inggih punika nalika Kanjeng Nabi Suci tuwin para pandhèrèkipun ingkang saweg sakedhik cacahipun kinaniaya kalayan sakalangkung sanget wonten ing Makkah. Ungeling piweca wau makaten: “Wadyabalané para papanthan kang santosa ing kono bakal padha keplayu” (38:11). Milanipun, sareng wadyabala sekuthu nempah nagari Madinah, dhawuhing piweca wau agawang-gawang wonten ing manahipun sok tiyanga Muslimin ingkang sajati. Piyambakipun sami bingah-bingah, awit piyambakipun sami yakin bilih wadyabala sakuthunipun mengsah mesthi keplajeng. Kados déné ingkang kacetha ing ruku’ ingkang sampun, ngemungaken para titiyang munafék kémawon ingkang semang-semang. Cekakipun, peperangan wau niyupaken kayakinan ingkang ageng dhateng menangipun Islam ingkang wekasan, jalaran: Sapisan, peperangan wau anjangkepi wahananing piweca-piweca ingkang rumiyin-rumiyin. Kaping kalih, nalika Kanjeng Nabi Suci nyarirani tumut andhudhuk jogangan, panjenenganipun andhandhang séla ageng (séla ingkang dados alangan tumrap pandhudhuking jogangan), ingkang lajeng medal pletikipun; nalika punika panjenenganipun macakaken piweca agung, bilih pletik wau medharaken dhateng panjenenganipun kadhatonipun sang Kisra (maharaja Persi) tuwin kadhatonipun sang Caesar (maharaja ing Rum), sarta panjenenganipun kaparingan uninga bilih pandhèrèkipun mesthi badhé menang kaliyan karajan kakalih wau.

Ar. *kalawan sabarang owah-owahan*

janjiné marang Allah; lah iki sawenèhé ana kang isih ngentèn-entèni, sarta ora padha angowahi *babar pisan*;[1982]

عَاهَدُوا اللّٰهَ عَلَيْهِ ۚ فَمِنْهُمْ مَّنْ قَضٰى
نَحْبَهٗ وَمِنْهُمْ مَّنْ يَّنْتَظِرُ ۖ وَمَا
بَدَّلُوْا تَبْدِيْلًا ۙ ﴿٢٣﴾

24 Supaya Allah angganjar para kang padha tuhu amarga saka pamituhuné sarta aniksa para lamis, manawa Panjenengané angarsakaké utawa Panjenengané bali (wilasa-Né) marang dhèwèké; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[1928A]

لِّيَجْزِيَ اللّٰهُ الصّٰدِقِيْنَ بِصِدْقِهِمْ
وَيُعَذِّبَ الْمُنٰفِقِيْنَ اِنْ شَآءَ اَوْ يَتُوْبَ
عَلَيْهِمْ ۗ اِنَّ اللّٰهَ كَانَ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿٢٤﴾

Ar. *kalawan pamuring-muringé*

25 Lan Allah anulak para kang padha kafir *karo padha muring-muring*; ora padha éntuk pakolih, lan Allah anyukupi para mukmin ing dalem perang; lan Allah iku Kuwat, Menang.

وَرَدَّ اللّٰهُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِغَيْظِهِمْ لَمْ
يَنَالُوْا خَيْرًا ۗ وَكَفَى اللّٰهُ الْمُؤْمِنِيْنَ
الْقِتَالَ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ قَوِيًّا عَزِيْزًا ﴿٢٥﴾

26 Lan Panjenengané angudhunaké para pandhèrèking Kitab, kang padha ambiyantu dhèwèké, saka ing bibitingé, sarta Panjenengané andèkèki giris ing sajroning ati-atiné; sapérangan padha sira patèni lan sapérangan padha sira tawan.[1983]

وَاَنْزَلَ الَّذِيْنَ ظَاهَرُوْهُمْ مِّنْ اَهْلِ
الْكِتٰبِ مِنْ صَيَاصِيْهِمْ وَقَذَفَ فِيْ
قُلُوْبِهِمُ الرُّعْبَ فَرِيْقًا تَقْتُلُوْنَ
وَتَأْسِرُوْنَ فَرِيْقًا ﴿٢٦﴾

1982. Sawènèhipun tiyang mukmin wonten ingkang pejah syahid karana nglabuhi yakti; sanès-sanèsipun taksih ngentos-entosi, kapéngin angurbanaken nyawanipun kanggé nglabuhi yakti wau

1928A. Ing ngriki kasebutaken kalayan terang makaten ugi ing ayat 17, bilih boten sadaya tiyang munafék badhé dipun siksa; nanging margi Allah punika asih dhateng piyambakipun, dadosipun siksa wau namung badhé dhumawah dhateng tiyang ingkang pantes kadhawahan siksa. Kelampahan, ingkang kathah para lamis wau ing pawingkingipun sami manjing Islam kalayan ikhlas.

1983. Titiyang Bani Quraidzah punika sarayanipun Kanjeng Nabi Suci, dados nalika mengsah ngepang nagari Madinah, kedahipun tiyang Bani Quraidzah wau tumut nglawan panempuhing mengsah (mirsanana 126). Nanging dumugining endon boten sami biyantu dhateng Kanjeng Nabi, malah ngiloni mengsah ingkang ngepang. Tuwan Muir angakeni, sampun golong titiyang Quraidzah sami biyantu titiyang Quraisy "sarta sanajan tuwan Muir semang-semang, punapa "titiyang Quraidzah wau tumut peperangan saèstu, punapa boten" suprandéné sampun cetha buktinipun, bilih piyambakipun punika sampun aprajanjian kaliyan titiyang Quraisy nempuh titiyang Muslimin saking nglebet. Dados sawaunipun saraya, lajeng ambalik dados mengsah. Milanipun, sareng prajurit ingkang ngepang keplajeng sarta titiyang Quraidzah wangsul dhateng bibitingipun, bibiting Quraidzah lajeng dipun kepang Kanjeng Nabi Suci, jalaran manawi mengsah munggwing cangklakan wau boten kapidana, mesthi tansah dados tuking babaya ingkang ambabayani ing kawilujenganipun kaum Muslimin. Titiyang Quraidzah dipun kepang ngantos salangkung dinten, wasana lajeng sami purun teluk, nanging mawi janji, piyambakipun namung badhé teluk dhateng pidana ingkang manut pancasanipun Sa'd bin Mu'az.

27 Lan Panjenengané amarisaké buminé lan padunungané lan bandhané marang sira, apa déné bumi kang durung sira idak; lan Allah iku marang samubarang kawasa.[1984]

وَأَوْرَثَكُمْ أَرْضَهُمْ وَدِيَارَهُمْ وَأَمْوَالَهُمْ وَأَرْضًا لَّمْ تَطَئُوهَا ۚ وَكَانَ اللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرًا ﴿٢٧﴾

RUKU' 4

Sugengipun Kanjeng Nabi Suci ingkang sarwa pasaja

28, 29. Para garwanipun Kanjeng Nabi kedah sarwa pasaja sugengipun. 30-32. Sami dipun wajibaken suci gesangipun. 33, 34. Sami boten kénging angedhèng kaéndahanipun.

28 O, Nabi! calathua marang bojo-bojonira: Manawa kowé padha kapéngin kauripan donya dalah papaèsé, lah padha marénéa, padha dak sadhiyani, sarta padha daklilani lunga kalawan *becik*:[1985]

Ar. *lunga kang becik*

يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ قُل لِّأَزْوَاجِكَ إِن كُنتُنَّ تُرِدْنَ الْحَيَاةَ الدُّنْيَا وَزِينَتَهَا فَتَعَالَيْنَ أُمَتِّعْكُنَّ وَأُسَرِّحْكُنَّ سَرَاحًا جَمِيلًا ﴿٢٨﴾

Saupami tiyang Quraidzah purun pasrah dhateng Kanjeng Nabi, ambok manawi kémawon pidana ingkang kadhawahaken Kanjeng Nabi dhateng titiyang Quraidzah wau sami kaliyan pidana ingkang kadhawahaken dhateng titiyang Qainuqa', inggih punika: pindhah. Nanging Sa'd kebranang déning cidranipun titiyang Quraidzah wau, milanipun pancasanipun Sa'd: titiyang ingkang tumut perang kedah pinejahan, déné sanès-sanèsipun dipun tawan. Wonten tiyang tigangatus ingkang pinejahan manut pancasan wau, sarta pasitènipun dhawah dhateng tanganipan titiyang Muslimin. Tiyang ingkang mastani bilih Kanjeng Nabi wengis garapipun dhateng titiyang Quraidzah, punika kénging winastan tiyang ingkang boten mangertos dhateng wutah gumelaring kawontenan ingkang nyata. Nadyan ing dinten sapunika ugi, pandamel cidra kados lekasipun titiyang Quraidzah wau, boten sanès mesthi inggih kapatrapan pidana kados makaten wau.

1984. *Bumi kang durung sira idak* punika ingkang dipun karsakaken bumi ngamonca, ingkang wonten ing dhawuh punika kajanjèkaken dhateng para Muslimin tuwin ingkang ing pawingkingipun dipun telukaken para Muslimin.

1985. Dhawuh punika mathis sanget kanggé ambukani rembag bab prakawis sugengipun padintenan Kanjeng Nabi Suci ingkang sarwa pasaja. Ing wekdal punika kaum Muslimin dados kiyat saha sugih. Kamenangan ing Badr, tuwin anggènipun angsal kukupan pasitèn saha bandhanipun tiyang Quraidzah, mahanani para Muslimin mindhak kathah bandhanipun. Wonten ing dalem kawontenan ingkang kados makaten wau, nama sampun satrepipun kémawon, manawi para garwanipun Kanjeng Nabi punika inggih kapéngin dipun sudhiyani barang kabetahaning ngagesang ingkang langkung saé katimbang ingkang sampun-sampun. Suprandéné inggih ing wekdal wau ugi, tumurunipun wahyu ingkang andhawuhaken supados para garwa wau sugeng ingkang kalayan pasaja sanget. Mesthi botenipun manawi dhawuh kenceng punika medal saking satunggaling tukang doracara, sarta nadyan "tiyang donya" pisan, ingkang saben dinten tansah mindhak-mindhak panguwaos lan kasugihanipun, mesthi botenipun ngedalaken dhawuh makaten wau. Saupami Kanjeng Nabi inggih amarengna garwa-garwanipun tumut ngraosaken kamakmuranipun umat, punika inggih boten wonten pakèwedipun sakedhik-kedhika. Nanging wahyu ingkang katampi ing panjenenganipun andhawuhaken, panjenenganipun lan sadaya ingkang rapet sasambetanipun kaliyan panjenenganipun, boten kénging tumut ngalap paédah barang-barang wau, inggih punika barang kadonyan ingkang tumrap tiyang sanès saged dipun pikantuk kalayan gampil. Barang-barangipun donya ingkang éndah-éndah, kénging kémawon dipun upadosi, sarta tiyang Islam boten dipun awisi ngupados barang-barang wau; nanging tumrap Nabinipun Pangéran, boten kénging kaéndahaning donya wau lumebet wonten ing balégriya-

29 Lan manawa kowé padha kapéngin Allah lan utusan-É sarta padunungan akhirat, lah sayekti Allah iku wus anyawisi ganjaran gedhé tumrap kowé kang padha anglakoni panggawé becik.

وَإِنْ كُنْتُنَّ تُرِدْنَ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ
وَالدَّارَ الْاٰخِرَةَ فَإِنَّ اللّٰهَ اَعَدَّ
لِلْمُحْسِنٰتِ مِنْكُنَّ اَجْرًا عَظِيْمًا ﴿٢٩﴾

30 É, para wadoning Nabi! kowé, sapa sing alaku ala kang tétéla, siksané bakal ditikelaké rong tikelan; lan iki ing atasé Allah gampang.[1986]

يٰنِسَآءَ النَّبِيِّ مَنْ يَّأْتِ مِنْكُنَّ
بِفَاحِشَةٍ مُّبَيِّنَةٍ يُّضٰعَفْ لَهَا الْعَذَابُ
ضِعْفَيْنِ ۚ وَكَانَ ذٰلِكَ عَلَى اللّٰهِ يَسِيْرًا ﴿٣٠﴾

JUZ XXII

31 Lan kowé, sapa-sapa sing ambangun turut ing Allah lan Utusan-É, sarta anglakoni panggawé becik, ganjarané bakal pinaringan tikel pindho, lan Ingsun wus anyawisaké rijeki kang mulya tumrap marang dhèwèké.[1987]

وَمَنْ يَّقْنُتْ مِنْكُنَّ لِلّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَ
تَعْمَلْ صَالِحًا نُّؤْتِهَآ اَجْرَهَا مَرَّتَيْنِ
وَاَعْتَدْنَا لَهَا رِزْقًا كَرِيْمًا ﴿٣١﴾

32 O, para wadoning Nabi! ora pisan sira iku kaya para wadon sok-wonga; manawa sira anjaga dhiri, lah aja manuara ing pangu-

يٰنِسَآءَ النَّبِيِّ لَسْتُنَّ كَاَحَدٍ مِّنَ
النِّسَآءِ اِنِ اتَّقَيْتُنَّ فَلَا تَخْضَعْنَ

nipun. Rèhning panjenenganipun kagungan saranipun, panjenenganipun kedugi minangkani, manawi garwa-garwanipun kapéngin késah kalayan ambekta barang paparingipun Kanjeng Nabi ingkang sakalangkung kathah. Dhawuh punika ugi saged anerangaken sedyaning palakramanipun Kanjeng Nabi. Manawi ingkang kasedya punika nguja hardaning nafsunipun ingkang asor, kaselak mokal panjenenganipun milaur andhawuhaken sarwa pasaja wonten ing balégriyanipun, jer éca lan sakéca, punika tumrap hawa nafsu ingkang asor mathukanipun.

1986. Kedah dipun pèngeti, bilih para garwanipun Kanjeng Nabi, punika kajawi boten saged ngraosaken gesang sakéca kados para èstri Muslimin sanès-sanèsipun, manawi atindak awon pidananipun tikel. Mangga titiyang Nasrani samia ngangen-angen. Punapa mèmper manawi punika yasanipun tukang apus-apus? Déné sababipun mila pidananipun kadamel tikel, jalaran, margi saking para garwa wau wonten ing salebeting dalemipun Kanjeng Nabi, mesthinipun para garwa wau langkung kathah angsalipun tuntunan ingkang leres lan langkung kathah uthutipun saged mangun gesang suci ingkang kalayan mulus. Kedah dipun pèngeti ugi, gelar yektinipun boten wonten piawon sakedhik-kedhika wonten ing antawisipun ingkang garwa-garwa Kanjeng Nabi wau.

1987. Ganjaran tikel kalih ingkang kadhawuhaken ing ngriki, punika tegesipun ganjaran ingkang langkung ageng, kados déné ingkang kacetha ing dhawuh *rejeki kang mulya* punika. Déné mila ganjaranipun langkung ageng, awit para garwa wau sami mugen wonten ing dalemipun Kanjeng Nabi, milaur nebihi gesang sakéca, mangka upamia sami angarsakna, saged kémawon pikantuk wonten ing panggènan sanès. Kula aturi mirsani 1985. Mirsanana ugi katerangan 1986, ing ngriku kapangandikakaken pidananipun langkung ageng manawi para garwa wau sami tumindhak awon. Kula aturi nyundhukaken ugi kaliyan 1888.

cap, mundhak kinarepaké déning kang ing atiné ana lalarané; lan angucapa pangucap kang becik.[1988]

بِالْقَوْلِ فَيَطْمَعَ الَّذِي فِي قَلْبِهِ
مَرَضٌ وَقُلْنَ قَوْلًا مَّعْرُوفًا ﴿٣٢﴾

33 Lan padha mugena ing omahira, sarta aja angedhèngaké kaéndahanira kaya pangedhèng jaman kabodhoan dhèk biyèn, lan padha anjumenengna salat tuwin ambayara zakat, apa déné ambangun turuta marang Allah lan Utusan-É; Allah iku mung angarsakaké supaya lelethek kabirata saka ing sira, o, warganing padaleman (Nabi)! sarta (arsa) anucèni sira kalawan suci (kang sampurna).[1989]

وَقَرْنَ فِي بُيُوتِكُنَّ وَلَا تَبَرَّجْنَ
تَبَرُّجَ الْجَاهِلِيَّةِ الْأُولَىٰ وَأَقِمْنَ الصَّلَاةَ
وَآتِينَ الزَّكَاةَ وَأَطِعْنَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ ۚ
إِنَّمَا يُرِيدُ اللَّهُ لِيُذْهِبَ عَنكُمُ
الرِّجْسَ أَهْلَ الْبَيْتِ وَيُطَهِّرَكُمْ تَطْهِيرًا ﴿٣٣﴾

34 Lan padha élinga apa kang wus diwaca ing omahira yaiku timbalan-timbalaning Allah tuwin kawicaksanan; sayekti Allah iku Ingkang—Angudanèni–ing—lembut, Waspada.

وَاذْكُرْنَ مَا يُتْلَىٰ فِي بُيُوتِكُنَّ مِنْ
آيَاتِ اللَّهِ وَالْحِكْمَةِ ۚ إِنَّ اللَّهَ كَانَ
لَطِيفًا خَبِيرًا ﴿٣٤﴾

RUKU' 5

Pikramanipun Kanjeng Nabi kaliyan Siti Zainab

35, 36. Pamituhu dhateng dhawuhipun Allah. 37-39. Lalampahanipun Zainab sarta anggènipun digarwa Kanjeng Nabi Suci. 40. Kanjeng Nabi Muhammad, wekasan sarta sampurna-sampurnanipun para nabi, punika minangka bapa ruhani tumrap sadya umat salajengipun.

1988. Sanajan dhawuh punika khusus (tartamtu) dhateng para garwanipun Kanjeng Nabi, nanging menggah ing sajatosipun dhawuh punika pranatan utawi paugeraning gesang tumrap para èstri Muslimin, wigatos andhawuhaken sucining manah tuwin suci ing dalem sasrawungan antawisipun jaler lan èstri. Para Muslimat boten kaawisan wicanten kaliyan tiyang jaler, nanging kanggé rumeksa sampun ngantos manah tumiyung dhateng gagasan ingkang awon, para èstri Muslimat kadhawuhan sampun ngantos sami umbaran wicantenan kaliyan tiyang jaler kalayan manis-manuara saha rembagan prakawis ingkang saged nanangi hardaning nafsu.

1989. Sarana-sarana kanggé anucèkaken sampun kawarsitakaken wonten ing ayat-ayat ingkang sampun, inggih punika gesang kalayan sarwa pasaja, nebihi sawarnining pandamel nistha, sarta boten angedhéngaken kaéndahanipun dhateng ngasanès. Dados lelethek ingkang dipun karsakaken ing Allah badhé kabirat, punika leletheking pepénginan dhateng kasugihan donya. Rèhning Kanjeng Nabi punika conto tumrap para mukminin, mila padalemanipun, punika inggih dados contoning kaprasajan tuwin kasucian tumrap para èstri Muslimat.

Kedah dipun pèngeti, bilih ing dhawuh ngriki para garwanipun Kanjeng Nabi kasebut *ahlu-l-bait*, utawi *warganing padaleman*. Para garwa wau ingkang jan *ahlu-l-bait*, déné putra-putranipun Kanjeng Nabi tuwin wayah-wayahipun, inggih kénging kagolongaken. Kajawi ing dhawuh ngriki ing Quran Suci tembung *ahlu-l-bait* wau namung kagem kaping kalih, sadaya mengku teges garwa, inggih punika

35 Sayekti, para muslim lanang lan para muslim wadon, sarta para mukmin lanang lan para mukmin wadon, sarta para lanang kang ambangun turut lan para wadon kang ambangun turut, sarta para lanang kang temen lan para wadon kang temen, sarta para lanang kang sabar lan para wadon kang sabar, sarta para lanang kang konjem lan para wadon kang konjem, sarta para lanang kang awèh sidhekah lan para wadon kang awèh sidhekah, sarta para lanang kang puwasa lan para wadon kang puwasa, sarta para lanang kang rumeksa (*kahurmatané*) lan para wadon kang rumeksa (*kahurmatané*), sarta para lanang kang akèh élingé maring Allah lan para wadon kang akèh élingé (maring Allah), – Allah wus acawis pangapura sarta ganjaran kang gedhé tumrap dhèwèké.

Ar. *kawiranganė*

Ar. *kawiranganė*

إِنَّ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمٰتِ وَالْمُؤْمِنِينَ
وَالْمُؤْمِنٰتِ وَالْقٰنِتِينَ وَالْقٰنِتٰتِ وَ
الصّٰدِقِينَ وَالصّٰدِقٰتِ وَالصّٰبِرِينَ
وَالصّٰبِرٰتِ وَالْخٰشِعِينَ وَالْخٰشِعٰتِ وَ
الْمُتَصَدِّقِينَ وَالْمُتَصَدِّقٰتِ وَالصَّآئِمِينَ
وَالصّٰٓئِمٰتِ وَالْحٰفِظِينَ فُرُوجَهُمْ
وَالْحٰفِظٰتِ وَالذّٰكِرِينَ اللّٰهَ كَثِيرًا
وَّالذّٰكِرٰتِ ۙ أَعَدَّ اللّٰهُ لَهُمْ مَّغْفِرَةً
وَّأَجْرًا عَظِيمًا ﴿٣٥﴾

36 Lan ora mungguh tumrapé mukmin lanang *lan* mukmin wadon yèn ta padha duwéa pamilih ing prakarané dhéwé samangsa Allah lan Utusan-É wus amutus sawijining prakara; lan sapa sing andaga ing Allah lan Utusan-É, lah sayekti sasar kalawan sasar kang tétéla.[1990]

Ar. *lan ora*

وَمَا كَانَ لِمُؤْمِنٍ وَّلَا مُؤْمِنَةٍ
إِذَا قَضَى اللّٰهُ وَرَسُولُهٗٓ أَمْرًا أَنْ
يَّكُونَ لَهُمُ الْخِيَرَةُ مِنْ أَمْرِهِمْ ۗ
وَمَنْ يَّعْصِ اللّٰهَ وَرَسُولَهٗ فَقَدْ
ضَلَّ ضَلٰلًا مُّبِينًا ﴿٣٦﴾

garwanipun Kanjeng Nabi Ibrahim ing 11: 73 tuwin garwanipun ‘Imran utawi ingkang ibu Kanjeng Nabi Musa ing 28: 12. Punika ugi anedahaken bilih ingkang kawengku ing tegesipun termbung *ahlu-l-bait*, punika sémah èstri, lulurahing balégriya. Dados manut ayat punika, putra-putranipun Kanjeng Nabi punika kagolongipun *ahlu-l-bait*, katut para garwanipun Kanjeng Nabi wau.

1990. Sadaya para mufassir sami sarujuk amastani bilih tumurunipun ayat punika nalika Kanjeng Nabi Suci mundhut Siti Zainab, taksih kaleres nak-sadhèrèkipun Kanjeng Nabi piyambak aluran saking ingkang bibi, badhé kaangsalaken sahabat Zaid, putra-puponipun Kanjeng Nabi. Siti Zainab lan sadhèrèkipun kakung boten rujuk, awit Zaid punika tilas réncang tumbasan (réncang tumbasan ingkang sampun dipun mardikakaken). Nanging sareng wonten dhawuh punika, rangu-rangunipun Zainab lan sadhèrèkipun kakung saged sumisih, wasana Zainab karsa kaangsalaken sahabat Zaid (Rz, Kf, JB). Ayat punika boten sasambetan kaliyan lalampahan ing pawingkingipun, bab anggènipun pegatan Siti Zainab lan sahabat Zaid sarta bab prakawis Siti Zainab lajeng kagarwa Kanjeng Nabi. Malah-malah dhawuh punika anedahaken bilih ingkang ngrancang pikramanipun Siti Zainab angsal Zaid wau

وَاِذْ تَقُوْلُ لِلَّذِيْٓ اَنْعَمَ اللّٰهُ عَلَيْهِ
وَاَنْعَمْتَ عَلَيْهِ اَمْسِكْ عَلَيْكَ زَوْجَكَ
وَاتَّقِ اللّٰهَ وَتُخْفِيْ فِيْ نَفْسِكَ مَا اللّٰهُ
مُبْدِيْهِ وَتَخْشَى النَّاسَۚ وَاللّٰهُ اَحَقُّ
اَنْ تَخْشٰىهُ ۗ فَلَمَّا قَضٰى زَيْدٌ مِّنْهَا
وَطَرًا زَوَّجْنٰكَهَا لِكَيْ لَا يَكُوْنَ عَلَى
الْمُؤْمِنِيْنَ حَرَجٌ فِيْٓ اَزْوَاجِ اَدْعِيَاۤىِٕهِمْ
اِذَا قَضَوْا مِنْهُنَّ وَطَرًا ۗ وَكَانَ
اَمْرُ اللّٰهِ مَفْعُوْلًا ﴿٣٧﴾

37 Lan nalikané sira acalathu marang wong kang wus kaparingan nugraha déning Allah sarta wus sira wènèhi nugraha: Kowé nglastarèkna mengku rabimu lan di ngati-ati (wajibmu marang) Allah; lan sira anyingidaké ing sajroning jiwanira barang kang bakal winedharaké déning Allah sarta sira iku wedi marang para manusa, lah Allah iku luwih bener sira wedènana. Ananging bareng Zaid wis anekani kabutuhané marang dhèwèké, dhèwèké Ingsun jodhokaké sira, supaya ora ana riribet ing atasé para mukmin ing dalem bab rabi-rabining anaké angkat samangsané iki wis anekani kabutuhané marang dhèwèké, lan paréntahing Allah iku kudu ditindakaké.[1991]

Kanjeng Nabi Suci piyambak, sarta sampuna karana mituruti karsanipun Kanjeng Nabi, Zainab mesthi boten karsa kaangsalaken sahabat Zaid.

1991. Ayat punika isi kalih pérangan ingkang béda-béda lan piyambak-piyambak. Pérangan ingkang sapisan ngrembag prakawis anggènipun sahabat Zaid megat Siti Zainab; pérangan ingkang kaping kalih, wiwit dhawuh ingkang mungel *Ananging bareng Zaid wis anekani butuhé marang dhèwèké*, saterusipun, ngrembag pikramanipun Kanjeng Nabi kaliyan Siti Zainab. Rèhning paniliti-priksanipun golongan Nasrani remen nengen-nengenaken prakawis ingkang sakinten saged damel camah dhateng kahurmatanipun Kanjeng Nabi Suci, milanipun lalampahan-lalampahan ingkang magepokan kaliyan pikramanipun Kanjeng Nabi kaliyan Siti Zainab wau perlu katerangaken ingkang radi sawatawis panjang. Zaid punika tiyang pancer Kalb; nalika taksih alit, Zaid dipun tawan sarta kadadosaken réncang tumbasan tuwin dipun sadé wonten ing Makkah, dipun tumbas déning sadhèrèkipun kakung Siti Khadijah, ingkang lajeng kaparingaken dhateng Siti Khadijah; Siti Khadijah gentos nyaosaken réncang tumbasan Zaid wau dhateng Kanjeng Nabi Suci, ingkang boten prabéda kaliyan adat sabenipun, lajeng mardikakaken Zaid wau. Nanging sahabat Zaid sakalangkung tresnanipun dhateng Kanjeng Nabi, milanipun nalika sahabat Zaid dipun tantun Kanjeng Nabi, punapa tumut mantuk bapakipun dhateng griyanipun, punapa lastantun andhèrèk Kanjeng Nabi, sahabat Zaid milih andhèrèk Kanjeng Nabi kémawon. Kanjeng Nabi inggih sanget asihipun dhateng sahabat Zaid, ngantos sahabat Zaid kasebut "putranipun kakung Kanjeng Nabi Muhammad," sarta sahabat Zaid wau salah satunggalipun tiyang ingkang ngrasuk Islam rumiyin piyambak. Inggih awit saking punika mila wiwitaning dhawuh ing ayat punika anggènipun mangandikakaken sahabat Zaid: tiyang ingkang sampun kaparingan nugraha Allah tuwin Kanjeng Nabi.

Siti Zainab punika putranipun èstri ingkang bibi Kanjeng Nabi, Umaimah, putranipun èstri Sayid Abdul Muththallib. Panjenenganipun salah satunggalipun tiyang ingkang ngrasuk Islam rumiyin piyambak. Kanjeng Nabi Suci ngrembagi sadhèrèkipun kakung Siti Zainab, supados Siti Zainab dipun angsalaken sahabat Zaid. Siti Zainab lan ingkang raka boten rujuk, déné lajeng karsa nglampahi, punika karana mituruti karsanipun Kanjeng Nabi ingkang adreng. Mirsanana katrangan ingkang sampun. Kacariyos kakalihipun sami kepéngin Kanjeng Nabi piyambak ingkang anggarwa Siti Zainab (Rz), nanging Kanjeng Nabi adreng, supados Siti Zainab karsa dipun angsalaken sahabat Zaid.

Anggènipun sésémahan sahabat Zaid kaliyan Siti Zainab boten saged atut-runtut kalayan saé. Siti Zainab punika panggalihanipun wanter, panjenenganipun boten naté rena dhateng sahabat Zaid, margi saking sahabat Zaid wau tilas réncang tumbasan. Lajeng tuwuh pasulayan, wasana sahabat Zaid lajeng matur dhateng Kanjeng Nabi sumedya megat Siti Zainab. Kanjeng Nabi sungkawa sareng midhanget aturipun sahabat Zaid wau, jalaran ingkang adreng dhateng wontenipun sésémahan wau Kanjeng Nabi, milanipun panjenenganipun lajeng mrayogèkaken sahabat Zaid sampun ngantos megat Siti Zainab. Kanjeng Nabi kuwatos, bokbilih tiyang kathah maoni panjenenganipun, margi sésémahan ingkang dipun rigenaken panjenenganipun badhar. Lah inggih dhateng kawontenan punika ingkang katuju ing dhawuh *sarta sira iku wedi marang para manusa*, *lah Allah iku luwih bener sira wedénana*. Makaten ugi inggih prakawis wau ingkang katuju ing dhawuh *lan sira anyingidaké ing sajroning jiwanira barang kang bakal winedharaké Allah*, awit Kanjeng Nabi boten rena manawi boten atutipun Siti Zainab lan sahabat Zaid wau kasumerepan ing tiyang kathah. Dhawuhipun Kanjeng Nabi dhateng sahabat Zaid supados boten megat sémahipun, kasebutaken wonten ing Quran Suci kalayan tetembungan ingkang terang gamblang. Nanging sadaya wau tanpa damel, sarta ing wasananipun sahabat Zaid saèstu megat Siti Zainab.

Sasampunipun dipun pegat sahabat Zaid, Siti Zainab lajeng kagarwa Kanjeng Nabi Suci, awit ingkang makaten wau pancèn sampun dados pangajeng-ajengipun Siti Zainab tuwin krabatipun wiwit nalika dèrèng kasémah sahabat Zaid. Déné tumrapipun Kanjeng Nabi, rèhning ing sapunikanipun sésémahan ingkang dipun rigenaken wau boten saged dados, mila adilipun, panjenenganipun kedah minangkani pangajeng-ajengipun Siti Zainab tuwin para krabatipun wau. Langkung-langkung malih, Quran punika sampun angundhangakken suwakipun tata-cara nganggep anak pupon kados anak sajati; lah sapunika wonten masakalanipun ingkang prayogi tumrap Kanjeng Nabi Suci, kanggé maringi conto nyuwak babar pisan tata-cara wau. Pamrih makaten wau, wonten ing péranganipun ingkang angka kalih ayat punika sampun kasebutaken kalayan terang: *Dhèwèké Ingsun jodhokaké sira, supaya ora ana riribed ingatasé para mukmin ing dalem bab rabi-rabining anaké angkat*. Quran boten nerangaken pamrih sanèsipun tumrap sésémahan punika.

Cariyos ingkang pasaja utawi salimrah punika, dipun anggé garan ngawon-awon Kanjeng Nabi Suci. Dipun cariyosaken, kalayan sacara kapinujon, Kanjeng Nabi pirsa (wadananipun ingkang tanpa tutup) Siti Zainab saking sajawining konten ingkang menga sapalih; Kanjeng Nabi kepranan panggalihipun kasulistyanipun Siti Zainab; sahabat Zaid sareng mangertos punika lajeng megat Siti Zainab, ing salajengipun, Siti Zainab lajeng kagarwa Kanjeng Nabi. Tuwan Muir lan tuwan Arnold ngajengi dodongèngan punika, saya malih para pengarang ingkang langkung kathah raosipun panggething dhateng Islam saya ajeng sanget. Ingkang makaten punika anedahaken bilih "*criticism*," utawi, murih gampilipun kula jawèkaken kémawon "panliti-priksa," punika yektinipun boten resik saking raos panggething dhateng agami sanès. Sampun dipun akeni bilih Siti Zainab punika putra-putrinipun ingkang bibi Kanjeng Nabi; dipun akeni bilih panjenenganipun punika éwonipun tiyang ingkang angèstu dhateng Islam rumiyin piyambak ingkang tumut ngungsi dhateng nagari Madinah; dipun akeni bilih ingkang ngrigenaken pikramanipun Siti Zainab kaliyan sahabat Zaid punika Kanjeng Nabi piyambak; tuwin inggih dipun akeni bilih ing sadèrèngipun Siti Zainab krama angsal sahabat Zaid, panjenenganipun lan sadhèrèkipun kakung kapéngin supados Kanjeng Nabi Suci piyambak ingkang anggarwa. Lah manawi makaten, punapa ingkang murugaken Kanjeng Nabi Suci boten anggarwa panjenenganipun nalika panjenenganipun taksih kenya? Punapa ing sadèrèng-dèrèngipun Kanjeng Nabi dèrèng naté uninga dhateng panjenenganipun? Kanjeng Nabi punika kaliyan Siti Zainab taksih krabat ingkang celak; nitik punika panginten kados makaten wau boten mèmper babar pisan. Kajawi punika, jaman sadèrèngipun Siti Zainab kagarwa Kanjeng Nabi, dèrèng wonten pranatan hijab (sawarni pingid), sarta bab punika dipun akeni piyambak tuwan Muir. Dados Kanjeng Nabi punika dhateng Siti Zainab sampun uninga nalika taksih kenyanipun, sarta margi Siti Zainab punika taksih kaleres krabatipun Kanjeng Nabi ingkang celak tuwin margi panjenenganipun punika éwonipun para angèstu ing Islam jaman wiwitan, pamirsanipun Kanjeng Nabi dhateng Siti Zainab wau terang sanget, punapa malih Siti Zainab piyambak, dalah krabatipun, punika kapéngin kagarwa ing Kanjeng Nabi. Lah manawi makaten, nama mokal sèwu mokal manawi sulistyaning suwarninipun Siti Zainab ing kalanipun taksih kenya boten saged narik panggalihipun Kanjeng Nabi, mangka ing pawingkingipun sareng kapirsanan saking sajawining konten ingkang menga sapalih, saged mahanani Kanjeng Nabi kegiwang panggalihipun, ngantos supé bilih sahabat Zaid kaliyan panjenenganipun punika taksih wonten sasambetanipun ruhani lan sasambetan mimitran. Mokal sèwu mokal saged

38 Ora ana alané ing atasé Nabi anindakaké apa kang didhawuhaké déning Allah marang dhèwèké:[1992] iku wis angger-anggering Allah tumrap para kang wus kaliwat ing biyèn: lan paréntahing Allah iku sawijining pepesthèn kang wus pinasthi:

مَا كَانَ عَلَى النَّبِيِّ مِنْ حَرَجٍ فِيمَا
فَرَضَ اللَّهُ لَهُ ۖ سُنَّةَ اللَّهِ فِي الَّذِينَ
خَلَوْا مِنْ قَبْلُ ۚ وَكَانَ أَمْرُ اللَّهِ
قَدَرًا مَقْدُورًا ﴿٣٨﴾

39 Para kang padha anekakaké ayahaning Allah sarta wedi ing Panjenengané, tuwin ora wedi marang sapa-sapa kajaba Allah; lan wis cukup Allah kang angétung.[1993]

الَّذِينَ يُبَلِّغُونَ رِسَالَاتِ اللَّهِ وَيَخْشَوْنَهُ
وَلَا يَخْشَوْنَ أَحَدًا إِلَّا اللَّهَ ۗ وَكَفَىٰ
بِاللَّهِ حَسِيبًا ﴿٣٩﴾

40 Muhammad iku dudu bapakné salah sawijining wong-wongira lanang, ananging Utusaning Allah sarta *pungkasaning* para nabi; lan Allah iku marang samubarang Udani.[1994]

مَا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَا أَحَدٍ مِنْ رِجَالِكُمْ
وَلَٰكِنْ رَسُولَ اللَّهِ وَخَاتَمَ النَّبِيِّينَ ۗ
وَكَانَ اللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا ﴿٤٠﴾

---

kelampahan makaten. Dados cacriyosan wau cacriyosan ingkang nglengkara, boten mèmper sanget; sok tiyanga ingkang jangkep akalipun mesthi boten ngandel dhateng cacriyosan wau. Nanging panggething dhateng agami sanès tumrap golongan Nasrani, sakalangkung kandel, ngantos kasdu kémawon ngedalaken pangawon-awon ingkang samanten tanpa mawi ngèngèh-ngèngèh.

1992. Rèhning sampun kaidèn Kanjeng Nabi anggarwa Siti Zainab, kedahipun panjenenganipun boten kandheg namung margi kuwatos bokbilih tiyang mancahi tindakipun. Menggah ing sajatosipun, adrengipun Kanjeng Nabi ing sakawit, murih Siti Zainab karsa nglampahi kaliyan Zaid, tumiyunging panggalihipun Siti Zainab lajeng karsa nglampahi karana mituruti karsanipun Kanjeng Nabi, boten atutipun kaliyan Zaid, ngantos dumugining pipisahan, punika sadaya kalangkung anggènipun anjalari runtaging panggalihipun Siti Zainab. Boten wonten malih marginipun lajeng angicalaken runtaging panggalih wau, kajawi manawi Kanjeng Nabi piyambak lajeng tumiyung panggalihipun dhateng prakawis ingkang ing sakawit boten karsa nglampahi, inggih punika anggarwa Siti Zainab. Dados anggènipun Kanjeng Nabi lajeng anggarwa Siti Zainab, punika margi saking welasipun dhateng panjenenganipun, boten margi andurusi karsanipun Kanjeng Nabi piyambak, awit manawi karsanipun Kanjeng Nabi, wiwit nalika Siti Zainab dèrèng krama angsal sahabat Zaid, boten kados makaten wau. Lah sareng Siti Zainab mituhu lan ambangun-turut, inggih punika sarana narimahaken panggalih karsa nglampahi krama ingkang mlèsèd kaliyan pangajeng-ajengipun, mangka ingkang murugaken pipisahan punika sahabat Zaid, lah nama kirang mungguh manawi Kanjeng Nabi lastantun boten karsa minangkani pangajeng-ajengipun Siti Zainab.

1993. Pratélan ingkang nerangaken bilih tiyang ingkang tinanggenah ngampil ayahaning Pangéran boten ajrih dhateng sinten-sintena kajawi namung dhateng Allah piyambak, punika saged anerangaken pratélan ing ayat 37, ingkang nerangaken bilih Kanjeng Nabi ajrih dhateng manusa; kados déné ingkang sampun kacetha wonten ing tafsiripun, nitik lalampahan wau, Kanjeng Nabi punika boten kok ajrih utawi kuwatos dhateng manusa, nanging nguwatosaken manusa, bokbilih sami dhumawah ing sasar.

1994. Tembung *Khâtam* punika tegesipun ingkang asli cap, tegesipun ingkang kaping kalih *péranganipun satunggaling barang ingkang wekasan* utawi *ingkang telas-telasan*. Déné teges ingkang kaping kalih wau tegesipun ingkang asli tembung *khâtim*. Sanajan sampun dipun akeni bilih Kanjeng

RUKU’ 6

Panyédha dhateng sugengipun asésémahan Kanjeng Nabi Suci

41-44. Para mukmin kawedalaken saking pepeteng. 45-48. Tembung panyédhanipun para kafir. 49-52. Pikramanipun saha pegatipun Kanjeng Nabi Suci.

41 É, para kang padha angèstu! padha élinga ing Allah kalawan éling kang akèh.[1995]

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اذْكُرُوا اللّٰهَ ذِكْرًا كَثِيْرًا ۙ﴿۴۱﴾

Nabi Suci punika wekasanipun para nabi, sarta babad inggih anedahaken bilih boten wonten nabi ingkang rawuh ing jagad ing sapengkeripun Kanjeng Nabi Suci, suprandéné Quran Suci meksa ngagem tembung *khâtam*, boten *khâtim*, jalaran tetembungan *capé para nabi* punika langkung lebet tegesipun katimbang kaliyan tetembungan *wekasaning para nabi*. Menggah ing sajatosipun, tembung wau mengku teges *pungkasan* sinembuh mengku *sampurnaning sifat-sifatipun kenabian*, sinembuh malih *lastantuning tumurunipun sawenèh nugrahanipun kanabian* wonten ing antawising pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Suci. Panjenenganipun punika *capipun para nabi*, awit kalayan rawuhipun panjenenganipun, *ingkang kasedya ing kanabian, gumelaring karsanipun Pangéran wonten ing dalem angger-angger ingkang kedah dados tuntunanipun manusa sadaya, kasampurnakaken babar pisan wonten ing angger-angger ingkang sampurna ingkang kawahyokaken wonten ing Quran Suci*. Sarta panjenenganipun punika *caping para nabi*, awit *sawenèh nugraha kados ingkang kaparingaken dhateng para nabi, punika ing salami-laminipun badhé tansah dipun paringaken wonten ing antawising pandhèrèkipun*. Pakaryanipun nabi punika namung perlu kanggé nuntun manusa, sarana maringi angger-angger ing para manusa, utawi sarana ngicali boten sampurnanipun angger-angger ingkang sampun, ingkang taksih wonten nalika punika, utawi sarana maringi tuntunan énggal murih cocogipun kaliyan kabetahanipun jaman, margi kawontenaning babrayanipun manusa ingkang rumiyin-rumiyin boten mathuk manawi dipun turunana angger-angger ingkang sampurna, ingkang nocogi kaliyan kabetahanipun sagung para manusa ing pundi-pundi panggènan. Awit saking punika mila tansah wonten kémawon nabi ingkang kautus. Nanging lumantar Kanjeng Nabi Suci, angger-angger ingkang sampurna kaparingaken; angger-angger punika tansah cocog kaliyan kabetahanipun sadaya jaman tuwin sadaya nagari, sarta angger-angger punika kareksa saking sawarnining karisakan, awit saking punika mila pakaryan kanabian punika sampun boten kabetahaken malih. Nanging ingkang makaten punika boten teka ateges, bilih nugrahanipun Pangéran kados ingkang sampun kaparingaken dhateng para kawula-Nipun ingkang pinilih, punika boten badhé dipun paringaken dhateng kawula ingkang pinilih ing wekdal ingkang badhé dhateng. Manusa sampun boten ambetahaken angger-angger énggal, awit sampun kaparingan angger-angger ingkang sampurna. Nanging manusa taksih betah tampi nugrahaning Pangéran. Wondéné nugraha ingkang ageng piyambak, punika ilhaming Pangéran. Islam angakeni bilih Pangéran ing sapunika taksih kepareng ngandika dhateng kawula-Nipun ingkang pinilih, kades déné anggè-Nipun ngandika ing jaman ingkang sampun-sampun, boten prabéda kaliyan anggèning Panjenenganipun miarsa lan Ngudanèni ing sapunika, punika inggih kados déné anggèning Panjenenganipun miarsa lan Ngudanèni ing jaman ingkang sampun-sampun. Saged ugi, sarana margi punapa kémawon, kabetahanipun manusa saged dipun cekapi; nanging sifat-sifatipun Pangéran boten kèndel-kèndel anggènipun-makardi.

Andharan ing nginggil kakiyataken hadits sabda pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci makaten لم يبق من النبوة الا المبشرات jawinipun: *kanabian wis ora ana manèh, sing ana mung pawarta bubungah*. Kanabianipun piyambak sampun boten wonten, nanging salah sutunggaling nugrahanipun taksih tetep wonten, sarta badhé tansah wonten ing salami-laminipun wonten ing antawising para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Suci. Milanipun panjenenganipun punika ugi kasebut *bapa ruhani*, jalaran panjenengaipun sampun andadosakan para pandhèrèkipun ing salami-laminipun wenang maris salah satunggaling nugrahanipun kanabian. Dados nadyan kanabian sampun kapunggel rawuhipun Kanjeng Nabi Suci, sapéranganing kanabian taksih dipun lastantunaken ing salami-laminipun badhé dipun paringaken dhateng pandhèrèkipun Kanjeng Nabi ingkang sajati.

1995. Ruku’ punika ngrembag bab pikramanipun saha pegatipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang

42 Sarta padha maha sucèkna Panjenengané ésuk lan soré.

وَّسَبِّحُوْهُ بُكْرَةً وَّاَصِيْلًا ﴿٤٢﴾

43 Panjenengané iku kang andhawahaké wilasa marang sira (mangkono uga) para malaikat-É, supaya Panjenengané ametoké sira saka pepeteng lilimengan marang papadhang; lan Panjenengané iku marang para mukmin Mahawelas.[1996]

هُوَ الَّذِيْ يُصَلِّيْ عَلَيْكُمْ وَمَلٰٓئِكَتُهٗ
لِيُخْرِجَكُمْ مِّنَ الظُّلُمٰتِ اِلَى النُّوْرِ ۗ
وَكَانَ بِالْمُؤْمِنِيْنَ رَحِيْمًا ﴿٤٣﴾

44 Pakurmaté ing dina bakal sapatemoné karo Panjenengané: Rahayu, sarta Panjenengané wus anyawisi ganjaran minulya tumrap marang dhèwèké.

تَحِيَّتُهُمْ يَوْمَ يَلْقَوْنَهٗ سَلٰمٌ ۖۚ وَاَعَدَّ
لَهُمْ اَجْرًا كَرِيْمًا ﴿٤٤﴾

45 O, Nabi! sayekti Ingsun wus angutus sira minangka saksi sarta minangka juru warta becik tuwin minangka juru-pépéling,

يٰٓاَيُّهَا النَّبِيُّ اِنَّآ اَرْسَلْنٰكَ شَاهِدًا
وَّمُبَشِّرًا وَّنَذِيْرًا ۙ﴿٤٥﴾

46 Sarta minangka juru angajak-ajak marang Allah kalawan idining Panjenengané apa déné minangka obor kang madhangi.[1997]

وَّدَاعِيًا اِلَى اللّٰهِ بِاِذْنِهٖ وَسِرَاجًا مُّنِيْرًا ﴿٤٦﴾

47 Lan amartanana becik marang para mukmin, yèn bakal padha olèh kanugrahan gedhé saka ing Allah.

وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِيْنَ بِاَنَّ لَهُمْ مِّنَ
اللّٰهِ فَضْلًا كَبِيْرًا ﴿٤٧﴾

margi saking punika para mengsahipun Kanjeng Nabi sanget anggènipun ngawon-awon dhateng panjenenganipun. Awit saking punika mila ruku' punika dipun bukani mawi dhawuh pratélan mahasucèkaken Pangéran, ingkang lajeng anuwuhaken pupuntoning pamanggih, bilih mokal yèn ta Kanjeng Nabi Suci punika kasèrènan sifat boten suci.

1996. Dhawuh punika ugi anggelaraken bukti bilih Kanjeng Nabi punika suci mulus. Anggèning para sahabatipun Kanjeng Nabi kawedalaken saking salebetipun pepetenging kabodhoan punika lantaran pambangunan ingkang katindakaken Kanjeng Nabi Suci. Manawi makaten, punapa boten nama mokal, manawi tiyang ingkang sampun saged nucèkaken ing tiyang sanès teka awakipun piyambak boten suci? Bukti punika kagelar kalayan langkung wiyar lan cetha pratéla wonten ing ayat-ayat sambetipun.

1997. Dhawuh punika mengku teges kalayan terang, bilih tiyang ingkang sampun saged nyukani papadhang dhateng ngasanès, tuwin ngentas piyambakipun saking juranging kanisthan lan pamurangsarak, sarta ngangkat ing ngaluhur dhateng kasucèn lan kasampurnan ingkang inggil piyambak, punika mokal yèn ta awakipun piyambak boten suci.

48 Lan aja sira manut marang para kafir lan para lamis, sarta aja mraduli tembung panyédhané,[1998] tuwin kumandela maring Allah; lan wis cukup Allah iku minangka pangayoman.

وَلَا تُطِعِ الْكٰفِرِيْنَ وَالْمُنٰفِقِيْنَ وَدَعْ اَذٰىهُمْ وَتَوَكَّلْ عَلَى اللّٰهِ ؕ وَكَفٰى بِاللّٰهِ وَكِيْلًا ﴿۴۸﴾

49 O, para kang padha angèstu! manawa sira anikah para mukmin wadon, banjur padha sira pegat ing sadurungé sira gepok, lah tumrap marang dhèwèké sira ora duwé *wawangening mangsa* kang sira wilang;[1999] banjur sira wènèhana pasadhiyan sawatara sarta sira *balèkna* kalawan *bali* kang becik.

Ar. *‘iddah*

Ar. *eculna*
Ar. *ucul*

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْۤا اِذَا نَكَحْتُمُ الْمُؤْمِنٰتِ ثُمَّ طَلَّقْتُمُوْهُنَّ مِنْ قَبْلِ اَنْ تَمَسُّوْهُنَّ فَمَا لَكُمْ عَلَيْهِنَّ مِنْ عِدَّةٍ تَعْتَدُّوْنَهَا ۚ فَمَتِّعُوْهُنَّ وَسَرِّحُوْهُنَّ سَرَاحًا جَمِيْلًا ﴿۴۹﴾

50 O, Nabi! sayekti Ingsun wus angalalaké tumrap sira rabinira,[2000]

يٰۤاَيُّهَا النَّبِيُّ اِنَّاۤ اَحْلَلْنَا لَكَ اَزْوَاجَكَ

1998. Ayat-ayat ingkang sampun, mengku suraos nerangaken lepatipun panyédha saha pangawon-awonipun mengsah dhateng Kanjeng Nabi margi anggènipun krama marambah-rambah. Ingkang makaten wau kacethakaken malih wonten ing dhawuh ngriki, awit ing ngriki Kanjeng Nabi kadhawuhan sampun ngantos sungkawa ginemipun mengsah ingkang nyakitaken manah, sarta kadhawuhan kumandel dhateng Allah, awit Panjenenganipun ingkang badhé rumeksa dhateng panjenenganipun saking piawoning panyédhanipun mengsah wau. Kula aturi mirsani 3:185.

1999. Mila pranatan punika kadhawuhaken wonten ngriki, ing dhawuh ingkang mangandikakaken bab pikramanipun Kanjeng Nabi Suci, punika ambokmanawi kémawon margi wonten gagayutanipun ingkang mligi kaliyan pikramanipun Kanjeng Nabi kaliyan satunggaling pawestri ingkang namanipun Asma’ anakipun èstri Nu’man Kindi. Kanjeng Nabi dèrèng ngantos salulut kaliyan piyambakipun, piyambakipun nyuwun pegat, sarta Kanjeng Nabi inggih minangkani kajengipun èstri wau. Dipun riwayataken bilih Bagéndha ‘Umar mutusaken piyambakipun boten kaanggep garwanipun Kanjeng Nabi.

2000. Tumrap para tukang nyédha, pikramanipun Kanjeng Nabi Suci punika dados pirantos ingkang enggel piyambak kanggé ngawon-awon panjenenganipun; malah keladukipun para guru agami Nasrani ingkang asor budinipun ngantos mastani bilih panjenenganipun punika satunggaling tiyang ingkang remen nguja hardaning hawanapsunipun, sanajan ta sawenèh panuntunipun ruhani ingkang dipun pundhi-pundhi wonten ingkang misuwuripun kagungan garwa ngantos satus. Awit saking punika mila ing ngandhap punika kula badhé nerangaken bab pikramanipun Kanjeng Nabi satunggal-satunggal. Anggènipun krama sapisanan Kanjeng Nabi punika nalika yuswa salangkung taun, angsal Siti Khadijah ingkang sampun randha, yuswa kawandasa taun, dados langkung sepuh katimbang lan yuswanipun Kanjeng Nabi kaot gangsalwelas taun. Ngantos sasédanipun Siti Khadijah nalika ngajengaken Hijrah kirang tigang taun, ingkang nalika punika Kanjeng Nabi sampun ngancik dados priyantun sepuh yuswa sèket taun, ngemungaken kaliyan Siti Khadijah wau kémawon, boten wonten sanèsipun malih, kanthinipun Kanjeng Nabi nalika panjenenganipun sugeng dados priya taruna lan dados “tiyang.” Kawontenan punika kémawon sampun cekap kanggé nélakaken gorohipun para tukang ngawon-awon ingkang asor ing budi, ingkang mastani bilih panjenenganipun punika tiyang ingkang ngawula ing hawanapsunipun. Sasédanipun Siti Khadijah, Kanjeng Nabi lajeng krama angsal Siti Saudah tuwin Siti ‘Aisyah; ing nalika punika Kanjeng Nabi taksih tetep wonten ing Makkah. Sami-sami garwanipun Kanjeng Nabi, ngemungaken Siti ‘Aisyah wau piyambak, ingkang nalika kagarwa Kanjeng Nabi taksih kenya.

الَّتِيْٓ اٰتَيْتَ اُجُوْرَهُنَّ وَمَا مَلَكَتْ
يَمِيْنُكَ مِمَّآ اَفَآءَ اللّٰهُ عَلَيْكَ وَبَنٰتِ
عَمِّكَ وَبَنٰتِ عَمّٰتِكَ وَبَنٰتِ خَالِكَ
وَبَنٰتِ خٰلٰتِكَ الّٰتِيْ هَاجَرْنَ مَعَكَ ز
وَامْرَاَةً مُّؤْمِنَةً اِنْ وَّهَبَتْ نَفْسَهَا
لِلنَّبِيِّ اِنْ اَرَادَ النَّبِيُّ اَنْ يَّسْتَنْكِحَهَا ق

kang maskawiné sira wis mènèhi, sarta *para* kang kadarbé ing tanganira tengen saka paparinging Allah marang sira dadi tawanan perang, apa déné anak wadoné pamanira saka bapa, sarta anak wadoné bibèkira saka bapa, lan anak wadoné pamanira saka biyung, sarta anak wadoné bibèkira saka biyung, kang keplayu (atinggal omah) anyartani sira; sarta wong wadon mukmin yèn masrahaké awaké marang Nabi manawa Nabi arep yèn anikaha dhèwèké –

Ar. *apa*

Lajeng ketungka lalampahan ngungsi dhateng Madinah. Sasampunipun Hijrah, marambah-rambah Kanjeng Nabi perang kaliyan mengsah-mengsahipun, titiyang Quraisy utawi pancer-pancer Arab ingkang mihak dhateng tiyang Quraisy sarta nganiaya para Muslimin. Peperangan punika mahanani cacah jiwanipun tiyang jaler lan tiyang èstri kathah sungsatipun (kathah tiyang èstri). Kathah pandhèrèkipun Kanjeng Nabi ingkang kinasih tiwas wonten ing palagan nalika tumut peperangan lumawan mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi. Kanjeng Nabi lan para sahabat ingkang taksih sugeng kejibah ngopèni brayatipun ingkang sami tiwas wonten ing paprangan wau. Nalika prang Badr, Khunais anakipun Hudhafah tiwas wonten ing peperangan, Siti Hafsah ingkang setyatuhu, inggih punika putranipun èstri Bagéndha ‘Umar, dados randha. Bagéndha ‘Umar nawèkaken putranipun dhateng Bagéndha Utsman supados kagarwa, nanging Bagéndha Utsman boten karsa, lajeng dhateng Bagéndha Abu Bakar, inggih boten karsa, wasana lajeng kagarwa Kanjeng Nabi Suci nalika taun Hijrah ingkang kaping tiga.

Nalika perang Uhud, Abdullah anakipun Jahsy séda syahid: ing taun punika ugi randhanipun Abdullah, Siti Zainab putranipun Khuzaimah kagarwa ing Kanjeng Nabi. Taun candhakipun Abu Salmah séda, randhanipun, Ummi Salmah, kagarwa ing Kanjeng Nabi. Kanjeng Nabi ugi anggarwa priyantun putri ingkang asma Siti Zainab. Lalampahanipun kaandharaken wonten ing ruku’ ingkang sampun, ngantos dumuginipun sahabat Zaid megat Siti Zainab. Kanjeng Nabi anggarwa Siti Zainab wau nalika taun Hijrah ingkang kaping gangsal, margi wonten lalampahan kados ingkang sampun kaandharaken ing ngajeng. Ummi Habibah, salah satunggaling pandhèrèkipun Kanjeng Nabi ingkang setya, tumut ngungsi kaliyan ingkang jaler, ‘Ubaidullah, dhateng nagari Habasyah. Ing Habasyah ingkang jaler dados tiyang Nasrani, sareng ingkang jaler ngajal, Siti Ummi Habibah kagarwa ing Kanjeng Nabi nalika taun Hijrah kaping pitu.

Kajawi randhanipun tiyang mukminin, ingkang dipun ayomi Kanjeng Nabi wau, panjenenganipun ugi anggarwa randhaning mengsahipun titiga, sarta sadaya punika saged mahanani manunggil saha sayuk-rukunipun tiyang sapancer sadaya. Titiga wau inggih punika: Siti Juwairiyah, Maimunah, tuwin Shafiyyah, ingkang kagarwa ing Kanjeng Nab nalika taun Hijrah kaping nem lan kaping pitu. Bab prakawis kawontenanipun salah satunggaling titiga punika, cekap kasebutaken bilih nalika Kanjeng Nabi anggarwa Siti Juwairiyah wau, wonten tiyang Bani Mushthaliq iangkung saking satus kulawarga, ingkang lajeng dipun mardikakaken sanalika déning para Muslimin. Siti Juwairiyah punika kagolong tiyang pancer Bani Mushthaliq wau.

Dados tétéla sadaya pikramanipun Kanjeng Nabi Suci, punika manawi boten karana welas dhateng randhaning pandhèrèkipun ingkang setya-tuhu, inggih karana badhé nyegah tuwuhing peperangan kaliyan sawenèh pancer sarta karana damel pirukun kaliyan sawenèh pancer. Kula aturi mirsani ugi 535, ing ngriku katerangaken bilih idin wayuh, punika anggènipun kaparingaken manawi wonten kawontenan ingkang kados makaten wau. Kathah para sahabatipun Kanjeng Nabi ingkang nulad ing panjenenganipun. Mirsanana tgi 2007, 1985 tuwin 1989.

mligi tumrap marang sira, ora tumrap para mukmin (liyané);[2001] temen Ingsun angudanèni apa tatanan kang wus Ingsun tamtokaké ing atasé dhèwèké tumrap ing para rabiné sarta apa kang kadarbé tangané tengen, supaya aja ana kuciwa ing atasé sira, lan Allah iku Apara-marta, Mahaasih.

خَالِصَةً لَّكَ مِن دُونِ الْمُؤْمِنِينَ ۗ قَدْ عَلِمْنَا مَا فَرَضْنَا عَلَيْهِمْ فِي أَزْوَاجِهِمْ وَمَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُمْ لِكَيْلَا يَكُونَ عَلَيْكَ حَرَجٌ ۗ وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَّحِيمًا ﴿٥٠﴾

51 Diwenangaké tumrap marang sira aninggal dhèwèké endi sing dadi karepira sarta diwenangaké anunggal sapa sing dadi karepira, apa déné sing sira tinggal sawatara suwéné, endi sing sira karepaké (manèh), lah ora cacad ing atasé sira; iki luwih prayoga amurih adhema mripaté sarta aja susah, apa déné kabèh padha senenga atiné kalawan apa pawèwèhira marang dhèwèké;[2002] lan Allah iku angudanèni apa kang ana ing sajroning ati-atimu; lan Allah iku Udani, Aris.

تُرْجِي مَن تَشَاءُ مِنْهُنَّ وَتُؤْوِي إِلَيْكَ مَن تَشَاءُ ۖ وَمَنِ ابْتَغَيْتَ مِمَّنْ عَزَلْتَ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكَ ۚ ذَٰلِكَ أَدْنَىٰ أَن تَقَرَّ أَعْيُنُهُنَّ وَلَا يَحْزَنَّ وَيَرْضَيْنَ بِمَا آتَيْتَهُنَّ كُلُّهُنَّ ۚ وَاللَّهُ يَعْلَمُ مَا فِي قُلُوبِكُمْ ۚ وَكَانَ اللَّهُ عَلِيمًا حَلِيمًا ﴿٥١﴾

2001. Ingkang sampun dhawuh punika dipun suraos warni kalih, inggih punika: miturut Imam Abu Hanifah, mengku suraos, Kanjeng Nabi Suci kaparingan wewenang ingkang mligi, kénging anggarwa satunggaling tiyang èstri tanpa maringi maskawin, samangsa tiyang èstri wau mulung saking kajengipun piyambak nyuwun supados kagarwa Kanjeng Nabi: miturut Imam Syafi'i mengku suraos, tiyang èstri ingkang sampun kagarwa Kanjeng Nabi Suci boten kénging kapendhet sémah tiyang sanès (Rz). Ngemungaken punika kémawon wewenang ingkang mligi kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Suci. Nanging kosokwangsulipun, Kanjeng Nabi inggih boten dipun keparengaken megat garwa-garwanipun, mangka para pandhèrèkipun kénging kémawon megat sémah-sémahipun. Mirsanana 2004.

2002. Ayat punika kedah dipun cundhukaken kaliyan ayat 28 tuwin ayat 29, ingkang andhawuhaken, para garwanipun Kanjeng Nabi kénging milih salah satunggal, punapa lastantun tetep andhèrèk Kanjeng Nabi, punapa pisahan. Ing dhawuh ngriki Kanjeng Nabi ugi kaparingan pamilih ingkang kados makaten wau. Nalika para garwanipun Kanjeng Nabi sami milaur manggung sugeng pasaja kaliyan panjenenganipun, boten karsa pisah kaliyan panjenenganipun murih pikantuk barang-barang dunyawi, panjenenganipun ugi boten kirang-kirang anggènipun mrihatosaken dhateng para garwa wau; tandhanipun, nadyan panjenenganipun kaparingan wewenang milih garwanipun, pundi ingkang dipun karsakaken tetep andhèrèk panjenenganipun, suprandéné panjenenganipun boten karsa migunakaken wewenang milih wau kalayan ingkang sakinten saged mitunani dhateng salah satunggaling garwa-garwa wau; kosokwangsulipun, sadaya dipun lastantunaken andhèrèk panjenenganipun, awit sadaya inggih sami milih tetep andhèrèk ing panjenenganipun. Menggah ing sajatos-jatosipun, dhawuh ingkang mungel *(murih) kabèh padha senenga atiné kalawan apa pawèwèhira marang dhèwèké*, punika mengku karsa nuju dhateng dhawuh ing ayat 28 tuwin ayat 29. Suraosipun: dhawuh punika anggelar ririgen anyar grès, ingkang kakalihipun (Kanjeng Nabi lan ingkang garwa-garwa) kaparingan

52 Ing sawusé iku[2003] ora kena tumrapé sira anjupuk wong wadon, lan ora kena sira asalina bojo kalawan wadon liya,[2004] sanajan éndahé angédabaké sira, kajaba kang kadarbé tanganira tengen;[2005] lan Allah iku marang samubarang Mulat.

لَا يَحِلُّ لَكَ النِّسَآءُ مِنْۢ بَعْدُ وَلَآ اَنْ
تَبَدَّلَ بِهِنَّ مِنْ اَزْوَاجٍ وَّلَوْ اَعْجَبَكَ
حُسْنُهُنَّ اِلَّا مَا مَلَكَتْ يَمِيْنُكَ ؕ وَكَانَ
اللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَیْءٍ رَّقِيْبًا ﴿۵۲﴾

RUKU' 7

Tatanan babrayan ing griya

53, 54. Padalemanipun Kanjeng Nabi sarta panyilahing pérangan padunungan para garwa. 55. Palilah tumrap para kulawangsa. 56-58. Pandakwa ingkang dora dhateng Kanjeng Nabi sarta para mukmin.

Ar. *marang*

Ar. *takon* (i.p. para garwanipun Kanjeng Nabi)

53 É, Para kang padha angèstu! aja padha malebu padalemaning Nabi kajaba manawa idin wus kaparingaké marang sira *lumebu* mangan, ora (dadak) angentèni rampungé pangolahé – ananging samangsa sira ditimbali, banjur padha malebua lan samangsa sira wis mangan banjur padha bubar ana – lan aja (dadak) arep angrungokaké marang catur; sayekti iki andadèkaké ribeding Nabi, ananging dhèwèké rikuh marang sira, lan Allah ora rikuh marang barang bener. Lan samangsa sira *anjaluk* apa-apa marang *dhèwèké* lah anjaluka saka saburining aling-aling;[2006]

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَدْخُلُوْا بُيُوْتَ
النَّبِيِّ اِلَّآ اَنْ يُّؤْذَنَ لَكُمْ اِلٰى طَعَامٍ
غَيْرَ نٰظِرِيْنَ اِنٰىهُ ۙ وَلٰكِنْ اِذَا دُعِيْتُمْ
فَادْخُلُوْا فَاِذَا طَعِمْتُمْ فَانْتَشِرُوْا وَلَا
مُسْتَاْنِسِيْنَ لِحَدِيْثٍ ؕ اِنَّ ذٰلِكُمْ كَانَ
يُؤْذِى النَّبِيَّ فَيَسْتَحْیٖ مِنْكُمْ ۫ وَاللّٰهُ
لَا يَسْتَحْیٖ مِنَ الْحَقِّ ؕ وَاِذَا سَاَلْتُمُوْهُنَّ
مَتَاعًا فَسْـَٔلُوْهُنَّ مِنْ وَّرَآءِ حِجَابٍ ؕ

---

wewenang milih ingkang kalayan mardika sarta fihak kakalihipun kadhawuhan nyingkur titimbangan sanès-sanèsipun, angemungna mamrih suci murnining tatangsulipun sésémahan.

2003. Sareng para garwanipun Kanjeng Nabi sami milih lastantun andhèrèk ing Kanjeng Nabi, Kanjeng Nabi Suci lajeng kawatesan,inggih punika: panjenenganipun boten dipun keparengaken krama malih. Sasampunipun taun Hijrah ingkang kaping pitu inggih punika sasampunipun ayat punika katurunaken, Kanjeng Nabi boten naté krama malih.

2004. Punika ugi wawates malih: inggih punika: Kanjeng Nabi boten dipun keparengaken megat salah satunggaling garwanipun ingkang sampun milih andhèrèk ing panjenenganipun.

2005. *Kang kadarbé tanganira tengen* punika tegesipun para garwa ingkang sampun kagarwa ing Kanjeng Nabi kalayan apsah.

2006. Tatanan babrayan ingkang éndah punika, déning raosipun panggething golongan Nasrani ugi dipun anggep mengku pamrih mikantukaken dhiri pribadhi. Kedah dipun èngeti bilih tatanan babrayan punapa kémawon, ingkang kedah katindakaken dhateng sariranipun Kanjeng Nabi Suci, punika meng-

iki luwih suci tumrap atinira lan atiné; lan ora mungguh tumrapé sira yèn ta sira padha andadèkna ribeding Utusaning Allah, sarta ora mungguh yèn ta sira anikaha para rabiné ing sapungkuré salawasé:[2007] sayekti iki tumraping Allah prakara kang gedhé.

ذَٰلِكُمْ أَطْهَرُ لِقُلُوبِكُمْ وَقُلُوبِهِنَّ ۚ وَمَا كَانَ لَكُمْ أَن تُؤْذُوا رَسُولَ اللَّهِ وَلَا أَن تَنكِحُوا أَزْوَاجَهُ مِن بَعْدِهِ أَبَدًا ۚ إِنَّ ذَٰلِكُمْ كَانَ عِندَ اللَّهِ عَظِيمًا ﴿٥٣﴾

54 Manawa sira padha angedhèng sawijining prakara utawi anyingidaké, lah sayekti Allah iku marang samubarang Udani.

إِن تُبْدُوا شَيْئًا أَوْ تُخْفُوهُ فَإِنَّ اللَّهَ كَانَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا ﴿٥٤﴾

(i.p. *para garwanipun Kanjeng Nabi)*
Ar. *ing dalem*
Ar. *lan ora*

55 Ora cacad ingatasé *dhèwèké apatemon karo* bapak-bapakné *utawa* anak-anaké lanang *utawa* sadulur-saduluré lanang *utawa* anak-anaké lanang para saduluré lanang utawa anak-anaké lanang para saduluré wadon *utawa* para wadoné dhéwé *utawa* kang kadarbé ing tangané tengen; lan dipadha rumeksa ing (wajibira marang) Allah;

لَّا جُنَاحَ عَلَيْهِنَّ فِي آبَائِهِنَّ وَلَا أَبْنَائِهِنَّ وَلَا إِخْوَانِهِنَّ وَلَا أَبْنَاءِ إِخْوَانِهِنَّ وَلَا أَبْنَاءِ أَخَوَاتِهِنَّ وَلَا نِسَائِهِنَّ وَلَا مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُنَّ ۗ وَاتَّقِينَ اللَّهَ ۚ

---

gah ing sajatos-jatosipun tatanan, ingkang kedah katindakaken déning sintena kémawon wonten ing sasrawunganing babrayan. Quran boten namung mulangaken budipakerti ingkang luhur kémawon, nanging ugi mulangaken patrap ingkang saé, jalaran Quran makaten winahyakaken kanggé sadaya manusa. Wonten ing ayat punika Quran nganggep asor dhateng adat-tata-cara ingkang andadosaken ribedipun tiyang ingkang gadhah griya, samangsa piyambakipun ngajak mitra-mitranipun medal sasarengan wonten ing griyanipun, kadosta sarana dhateng sadèrèngipun dumugi wekdal ingkang katamtokaken utawi kantun wonten ngriku perlu jagongan lalawora ing sasampunipun kembul nedha. Punika tatanan ingkang kedahipun katindakaken sadaya tiyang Islam satunggal dhateng satunggalipun, makaten ugi tumrap dhateng Kanjeng Nabi Suci. Makaten ugi tatanan bab tiyang jaler sanès wicantenan kaliyan tiyang èstri kedah saking sawingkinging warana punika inggih kedah katindakaken sadaya tiyang Islam tumrap dhateng sadaya tiyang Muslimat, dados boten namung dhateng para garwanipun Kanjeng Nabi kémawon.

2007. Rekaos manawi tiyang badhé nyuraos pangandika punika tuwuh saking butajenganipun Kanjeng Nabi. Para garwanipun Kanjeng Nabi punika sadaya randha, namung Siti ‘Aisyah piyambak ingkang sanès randha, dalasan Siti Zainab punika inggih randha pegat. Krana ngaosi Kanjeng Nabi, déné wonten pangandika punika. Manawi tiyang purun nglimbang-nglimbang sawatawis, mesthi badhé angsal pupuntoning pamanggih, bilih saupami boten wonten pangandika punika, saged tuwuh wonten prakawis ingkang ruwet warni-warni. Salah satunggaling maksud ingkang kasedya ing pikramanipun Kanjeng Nabi, punika badhé anggelar ingkang kalayan sanyata-nyatanipun lalampahan-lalampahan wigatos ingkang dipun alami Kanjeng Nabi, nanging ingkang namung saged kasumerepan wonten ing kalanganing kulawarganipun Kanjeng Nabi. Lah, manawi garwa titilaranipun Kanjeng Nabi wonten ingkang nglampahi krama malih, boten kénging boten mesthi badhé mitunani maksud wau, jalaran tilas garwa wau saged éwah pamanggihipun margi kadayan anggènipun krama kaliyan tiyang jaler sanès. Langkung-langkung malih ingkang makaten wau saged nuwuhaken pepecahan, sarta punika cepak

sayekti Allah iku marang samubarang aneksèni.[2008]

إِنَّ اللّٰهَ كَانَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ شَهِيْدًا ﴿٥٥﴾

56 Sayekti Allah lan para malaikat-É padha angrahmati marang Nabi (Muhammad); O, para kang padha angèstu! padha sira anyuwuna rahmat tumrap dhèwèké sarta padha atura pambagiya kalawan pambagiya (kang mungguh).[2009]

إِنَّ اللّٰهَ وَمَلٰٓئِكَتَهٗ يُصَلُّوْنَ عَلَى النَّبِيِّ ۚ يٰٓأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا ﴿٥٦﴾

57 Sayekti, para kang padha angucapaké ala marang Allah lan Utusan-É,[2010] iku Allah angla'nati ana ing donya lan akhirat sarta anyawisi siksa kang angenakaké.

إِنَّ الَّذِيْنَ يُؤْذُوْنَ اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ لَعَنَهُمُ اللّٰهُ فِي الدُّنْيَا وَالْاٰخِرَةِ وَأَعَدَّ لَهُمْ عَذَابًا مُّهِيْنًا ﴿٥٧﴾

58 Lan para kang padha angucapaké ala marang para mukmin lanang lan para mukmin wadon kalawan tanpa *ana buktiné* panggawéné, lah temen iku padha *anggèndhong* pandalih goroh lan dosa kang tétéla.

Ar. *apa*

Ut. *kaluputan*

وَالَّذِيْنَ يُؤْذُوْنَ الْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنٰتِ بِغَيْرِ مَا اكْتَسَبُوْا فَقَدِ احْتَمَلُوْا بُهْتَانًا وَّإِثْمًا مُّبِيْنًا ﴿٥٨﴾

RUKU' 8

Tiyang ingkang sami nyebar pangawon-awon

59. Para èstri kedah nganggé kudhung nglèmbrèh, supados dipun pakéringi. 60-62. Pidananipun para lamis. 63-68. Pidananipun para kafir.

kelampahanipun; kula aturi angèngeti pecahipun tiyang Islam dados golongan Ahli Sunnah kaliyan golongan Syi'ah punika tuwuhipun margi saking mihak dhateng tedhak turunipun Siti Fatimah, putra-putrinipun Kanjeng Nabi.

2008. Tembung kriya *ittaqîna* (tembung agnya *jama'* tumrap èstri kathah), punika anedahaken bilih ingkang katuju ing dhawuh punika para garwanipun Kanjeng Nabi.

2009. Nyuwunaken nugrahaning Pangéran dhateng Kanjeng Nabi Suci, punika kasebutaken wonten ing ngriki gagandhèngan kaliyan pandalih palsu dhateng panjenenganipun ing bab prakawis pikramanipun. Suraosipun: pandalih-pandalih bangsanipun ingkang kados makaten wau badhé kasirnakaken déning nugraha ingkang badhé kajawahaken dhateng panjenenganipun déning Gusti Allah, sarwi anedahaken bilih panjenenganipun punika suci amulus sarta saged sasambetan kaliyan Tuking kasucèn.

2010. Tembung *yu'dhun* ingkang kasebut ing ngriki punika asal saking tembung *adhâ*, ingkang ugi kasebut wonten ing ayat 48 ing surat punika tuwin ing 3: 185, tegesipun: ginemipun para kafir tuwin para lamis ingkang anyerik-nyerikaken, ingkang awujud pandalih palsu dhateng Kanjeng Nabi Suci. Suraosing tembung ingkang makaten punika, katerangaken kalayan langkung cetha malih wonten ing ayat sambetipun, ing ngriku tembung wau ugi dipun agem tumrap dhateng para mukmin, salajengipun dipun terangaken wonten ing dhawuh ing wekasaning ayat, ateges pandalih goroh dhateng para mukminin.

59 O, Nabi! calathua marang para rabinira lan anak-anakira wadon sarta wadoné para mukmin padha anglèmbrèhna kudhungé ing awaké; iki luwih prayoga supaya padha kinawruhan, dadi ora padha kataman riribed; lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[2011]

يٰۤاَيُّهَا النَّبِيُّ قُلْ لِّاَزْوَاجِكَ وَبَنٰتِكَ
وَنِسَآءِ الْمُؤْمِنِيْنَ يُدْنِيْنَ عَلَيْهِنَّ
مِنْ جَلَابِيْبِهِنَّ ؕ ذٰلِكَ اَدْنٰۤى اَنْ
يُّعْرَفْنَ فَلَا يُؤْذَيْنَ ؕ وَكَانَ اللّٰهُ
غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿۵۹﴾

60 Manawa para lamis lan para kang sajroning atiné ana lelalarané sarta para kiyanat tukang angojok-ojoki ing sajroning kutha ora marèni, masthi Ingsun bakal angulungaké dhèwèké marang sira, tumuli dhèwèké ora dadi tatangganira ing kono, kajaba sadhéla.

لَئِنْ لَّمْ يَنْتَهِ الْمُنٰفِقُوْنَ وَالَّذِيْنَ
فِيْ قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ وَّالْمُرْجِفُوْنَ فِي
الْمَدِيْنَةِ لَنُغْرِيَنَّكَ بِهِمْ ثُمَّ لَا
يُجَاوِرُوْنَكَ فِيْهَاۤ اِلَّا قَلِيْلًا ۖۛ ﴿۶۰﴾

61 Kena ing la'nat: tinemua ing ngendi baé, bakal padha cinekel sarta pinatènan kalawan pati (pinrawasa).[2012]

مَّلْعُوْنِيْنَ ۛۚ اَيْنَمَا ثُقِفُوْۤا اُخِذُوْا وَقُتِّلُوْا
تَقْتِيْلًا ﴿۶۱﴾

62 (Mangkono iku wis) pranataning Allah tumrap para kang wus kapungkur biyèn; lan sira ora bakal mrangguli owah-owahan tumrap pranataning Allah.[2013]

سُنَّةَ اللّٰهِ فِي الَّذِيْنَ خَلَوْا مِنْ قَبْلُ ۚ
وَلَنْ تَجِدَ لِسُنَّةِ اللّٰهِ تَبْدِيْلًا ﴿۶۲﴾

63 Para manusa padha takon ing sira prakara titiningmangsané. Calathua: kaweruh prakara iku mung ana ing ngarsaning Allah, lan apa ta kang bakal meruhaké ing sira,

يَسْـَٔلُكَ النَّاسُ عَنِ السَّاعَةِ ؕ قُلْ اِنَّمَا
عِلْمُهَا عِنْدَ اللّٰهِ ؕ وَمَا يُدْرِيْكَ لَعَلَّ

2011. Dhawuh manganggé kukudhung-nglembrèh ing ngriki punika, anggènipun kadhawuhaken kalayan mengku sedya murih tiyang èstri mardika punika sageda pilah kaliyan réncang-tumbasan, ingkang salajengipun supados boten dipun riridhu tuwin dipun kinthil tiyang-tiyang ingkang tumiyung dhateng awon. Awit para titiyang wau mesthinipun lajeng sumerep saking tandha punika, bilih tiyang èstri wau tiyang èstri ingkang suci tuwin mulus, mesthi boten trimahipun manawi dipun cacamah utawi dipun tanduki patrap ingkang kirang prayogi (Rz).

2012. Dhawuh punika lan ayat candhakipun, punika mangandikakaken para titiyang munafék tuwin sawenèh titiyang Yahudi ingkang sami nyebar pawartos awon ing babagan kaum Muslimin. Sadèrèngipun Kanjeng Nabi séda, nagari Madinah sampun resik saking wijining bencana punika.

2013. Kados makaten punika nasib ingkang kasandhang bangsa Yahudi ing saindhenging jagad, sarta inggih kados makaten punika ugi nasibipun para lamis ingkang sami katundhung saking masjid.

ambokmanawa titimangsané iku wis cedhak.[2014]

السَّاعَةَ تَكُوْنُ قَرِيْبًا ﴿٦٣﴾

64 Sayekti Allah wus angla'nati para kafir sarta anyawisaké geni murub tumrap marang dhèwèké,

إِنَّ اللّٰهَ لَعَنَ الْكٰفِرِيْنَ وَاَعَدَّ لَهُمْ سَعِيْرًا ﴿٦٤﴾

a. 1201 Ar. *padha nemu*

65 Supaya padha manggona lawas ing kono;[a] ora bakal *ana* sing ngayomi lan ora (bakal ana) sing mitulungi.

خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اَبَدًا ۚ لَا يَجِدُوْنَ وَلِيًّا وَّلَا نَصِيْرًا ﴿٦٥﴾

Ut. *para tutuwané*

66 Ing dinané *rai-rainé* padha winalik ing geni bakal padha calathu: O, mbok aku biyèn ambangun-turuta ing Allah lan ambangun-turuta ing Utusan!

يَوْمَ تُقَلَّبُ وُجُوْهُهُمْ فِى النَّارِ يَقُوْلُوْنَ يٰلَيْتَنَآ اَطَعْنَا اللّٰهَ وَاَطَعْنَا الرَّسُوْلَا ﴿٦٦﴾

67 Lan padha munjuk: Dhuh Pangéran kawula! saèstu kawula sampun ambangun-turut ing para pangajeng kawula saha para ageng kawula, wusana sami nasaraken kawula saking margi:

وَقَالُوْا رَبَّنَآ اِنَّآ اَطَعْنَا سَادَتَنَا وَكُبَرَآءَنَا فَاَضَلُّوْنَا السَّبِيْلَا ﴿٦٧﴾

68 Dhuh Pangéran kawula! mugi piyambakipun sami Tuwan paringi siksa kalih tikelan saha sami Tuwan la'nati kalayan la'nat ingkang ageng.

رَبَّنَآ اٰتِهِمْ ضِعْفَيْنِ مِنَ الْعَذَابِ وَالْعَنْهُمْ لَعْنًا كَبِيْرًا ﴿٦٨﴾

RUKU' 9

Pitutur dhateng para mukmin

69. Pandalih awon dhateng Kanjeng Nabi Musa. 70, 71. Margi anggayuh kabegjan. 72. Langit lan bumi sami ambangun turut dhateng angger, ananging manusa boten. 73. Pamidananipun para lamis sarta para kafir.

69 É, para kang padha angèstu! aja padha kaya para kang padha

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَكُوْنُوْا كَالَّذِيْنَ

2014. *Titimangsané*, punika tegesipun *titimangsaning leburipun*, kados déné ingkang sampun kawecakaken wonten ing ayat-ayat ingkang sampun.

آذَوْا مُوسَىٰ فَبَرَّأَهُ اللَّهُ مِمَّا قَالُوا ۚ وَكَانَ عِندَ اللَّهِ وَجِيهًا ﴿٦٩﴾

andalih ala marang Musa, ananging Allah angresikaké dhèwèké saka barang pangucapé, lan dhèwèké iku ing ngarsaning Allah kajèn.[2015]

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا ﴿٧٠﴾

70 É, para kang padha angèstu! dirumeksa ing (wajibira marang) Allah, sarta padha angucapa pangucap kang jejeg;

يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ ۗ وَمَن يُطِعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا ﴿٧١﴾

71 Panjenengané bakal ambecikaké tumrap marang sira panggawé-panggawénira sarta angapura marang sira dosanira, lan sapa sing ambangun-turut ing Allah lan Utusan-É, lah sayekti olèh kabegjan kang gedhé.

إِنَّا عَرَضْنَا الْأَمَانَةَ عَلَى السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَالْجِبَالِ فَأَبَيْنَ أَن يَحْمِلْنَهَا وَأَشْفَقْنَ مِنْهَا وَحَمَلَهَا الْإِنسَانُ ۖ إِنَّهُ كَانَ ظَلُومًا جَهُولًا ﴿٧٢﴾

72 Sayekti Ingsun wus amaringaké sasanggeman marang langit-langit lan bumi sarta gunung-gunung, lah padha emoh yèn ora tuhu-tuhua marang iku sarta wedi marang iku, lan manusa ora tuhu-tuhu marang iku; sayekti dhèwèké iku atindak dudu, bodho;[2016]

2015. Manawi badhé nguningani pandalih palsu ingkang katujokaken dhateng Kanjeng Nabi Musa déning umatipun piyambak, dalasan sadhèrèkipun èstri piyambak, mirsanana Wilangan bab 12. Rèhning ingkang karembag wonten ing surat punika bab pandalih palsu, milanipun ing ngriki lajeng anyebutaken pandalih palsu ingkang katujokaken dhateng Kanjeng Nabi Musa, awit rawuhipun Kanjeng Nabi Suci punika sarupi lan Kanjeng Nabi Musa. Déné wigatosipun, supados dadosa pèpènget, kados pundi nasib ingkang dipun sandhang déning para titiyang ingkang tumut-tumut andalih. Pandalih palsu dhateng Kanjeng Nabi Suci punika sadaya damel-damelanipun para mengsahipun Kanjeng Nabi, sanès damel-damelanipun para pandhèrèkipun; nanging pandalih palsu dhateng Kanjeng Nabi Musa punika damel-damelanipun pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Musa piyambak.

2016. حمل الامانة tegesipun *ora nuhoni sasanggemané* (LL). TA anggènipun merdèni *yahmilna-hâ*, jawinipun *padha ora nuhoni iku*, déné حملها الانسان tegesipun: خانها الانسان jawinipun: *manusa ora nuhoni iku*. Wondéné sababipun katerangaken déning Az: انها لم تحملها اى ادتها وكل من خان الامانة فقد حملها jawinipun: *ora anggawa sasanggeman tegesé dhèwèké padha netepi iku; sarta sing sapa ora tuhu-tuhu marang sasanggeman, ditembungaké anggawa iku* (TA). Suraosipun: sagung dumados sami setya tuhu netepi angger- anggeripun (angger-anggering dumadi) ingkang saged nyampurnakaken tumuwuhing kamajenganipun; nanging manusa boten sami setya tuhu netepi angger-angger, mangka jatos jatosipun kabegjanipun manusa punika gumantung ing ngriku punika.

73 Mulané[2017] Allah bakal aniksa para wong lamis lanang lan para wong lamis wadon sarta para musyrik lanang lan para musyrik wadon sarta Allah bakal bali (Wilasa-Né) marang para mukmin lanang lan mukmin wadon, lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

لِّيُعَذِّبَ اللَّهُ الْمُنٰفِقِيْنَ وَالْمُنٰفِقٰتِ
وَالْمُشْرِكِيْنَ وَالْمُشْرِكٰتِ وَيَتُوْبَ
اللَّهُ عَلَى الْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنٰتِ ۗ
وَكَانَ اللَّهُ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿٧٣﴾

2017. *Lâm* ing ngriki punika *lâmu-l-âqibah*, milanipun dipun jarwani *mulané* utawi *awit saka iku*. Terangipun: angsal-angsalanipun boten tuhu-tuhu dhateng angger-anggering Pangéran, manusa lajeng sami nandhang pidana. Para lamis lan para kafir boten sami tuhu-tuhu dhateng angger-angger, temahan sami nandhang rekaos. Para Muslimin kalayan tuhu-tuhu sumarah dhateng angger-angger wau, temah sami manggih kabegjan.

اٰيَاتُهَا ٥٤ (٣٤) سُوۡرَةُ سَبَاٍ مَّكِّيَّةٌ رُكُوۡعَاتُهَا ٦

SURAT 34

AS-SABÂ

(*Saba'*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*6 ruku', 54 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Pancasan punika sampun temtu.
Ruku' 2. Pradana tinungka pidana.
Ruku' 3. Kamenangan tumrap para Muslimin.
Ruku' 4. Panuntuning awon.
Ruku' 5. Apesipun para sesembahan palsu.
Ruku' 6. Kasunyatan badhé angrembaka.

Namanipun tuwin gathuking suraosipun

Namanipun surat punika mirid namanipun satunggaling nagari ingkang namanipun *Sabâ'*, inggih punika ing tanah Yaman, ingkang kalebur déning banjir. Pèpènget ingkang kawarsitakaken wonten ing surat punika, punika kanggé tumrap sadaya bangsa ingkang tinitah ageng saha makmur, nanging dados bandhanganing pangadatan ingkang sarwa luluwihan. Sakéca punika wijining awon, ingkang badhé mahanani karisakan tuwin bibrah. Milanipun ingkang makaten punika dados pèpènget tumrap para titiyang Quraisy, nanging ugi dumunung dados pèpènget dhateng para Muslimin, ingkang tinitah ngratoni bumi nanging lajeng dados bandhaning pangadatan remen among suka pari-suka lan luluwihan, sarta ingkang ing sapunika sami nandhang temahanipun. Pèpènget dhateng titiyang Quraisy punika sampun mapan sanget kapapanaken wonten ing ngriki, awit surat ingkang sampun-sampun mapan sanget kapapanaken wonten ing ngriki, awit surat ingkang sampun-sampun marsitakaken pambudidayanipun ingkang sakatog-katogipun para titiyang Quraisy wau ingkang ing pawingkingipun inggih dipun tindakaken sayektos, murih sirnaning Islam.

Titimangsaning tumurunipun tuwin bab-ipun ingkang kawarsitakaken

Surat punika wahyu Makkiyah sarta kagolong jaman Makkah wiwitan. Ruku' ingkang wiwitan andhawuhaken pancasan punika sampun tamtu, inggih punika pancasan ingkang kayektènipun punika boten namung badhé kanyataan wonten ing gesang sasampuning pejah kémawon, nanging dalasan ing gesang sapunika punika ugi inggih katingal cetha tumindhakipun. Pancasan punika sami ugi, andhawahi tiyang satunggal-satunggal utawi bangsa-bangsa; ing ruku' ingkang kaping kalih tuladha warni kalih kasebutaken, wigatos anerangaken kados pundi anggènipun kasirnakaken umat-umat ingkang tuwuh angrembaka sareng sami dhumawah dhateng pangadatan ingkang awon. Awit saking punika para titiiyang Quraisy mesthi inggih badhé kadhawahan pancasan, sarta kapratélakaken wonten ing ruku' ingkang kaping tiga, bilih sesembahan palsu para Quraisy wau boten badhé migunani sakedhik-kedhika tuwin golongan kakalih badhé tempuk perang, ingkang temahanipun kamenangan wonten ing fihakipun para Muslimin. Ruku' ingkang kaping sakawan nerangaken kojuripun para panuntun awon, para panuntun kaliyan ingkang sami katuntun sami lepat-linepatan satunggal dhateng satunggalipun. Ruku' ingkang kaping gangsal nerangaken bilih sesembahanipun piyambak boten saged mitulungi piyambakipun nalika punika, sarta piyambakipun sami badhé kapidana, boten prabéda lan para titiyang ingkang sami angemohi yakti punika mesthi sami kapidana. Ruku' ingkang wekasan piyambak andhawuhaken bilih yakti mesthi badhé tuwuh angrembaka sarta panggorohan mesthi sirna.

RUKU’ 1

Pancasan punika sampun tamtu

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

Ar. *kagungan-É*

Ar. *kagungan-É*

1 (Sakèhing) pangalembana iku kagunganing Allah, Kang *kagungan* sabarang kang ana ing langit-langit lan ing bumi sarta (*Kang*) kagungan sakèhing pangalembana ing akhirat; lan Panjenengané iku Ingkang-Wicaksana, Ingkang-Waspada.

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْ لَهٗ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ وَلَهُ الْحَمْدُ فِي الْاٰخِرَةِ ۗ وَهُوَ الْحَكِيْمُ الْخَبِيْرُ ①

2 Panjenengané iku Angudanèni apa kang lumebu ing bumi lan apa kang metu saka ing kono, sarta apa kang tumurun saka ing langit lan apa kang munggah ing kono; lah Panjenengané iku Ingkang-Mahaasih; Ingkang-Aparamarta.

يَعْلَمُ مَا يَلِجُ فِي الْاَرْضِ وَمَا يَخْرُجُ مِنْهَا وَمَا يَنْزِلُ مِنَ السَّمَآءِ وَمَا يَعْرُجُ فِيْهَا ۗ وَهُوَ الرَّحِيْمُ الْغَفُوْرُ ②

3 Lan para kang padha kafir calathu: Titining mangsa iku ora bakal teka ing aku. Calathua: O, iya! dhemi Pangéranku, Ingkang Angudanèni kang ora katon, yekti iku bakal teka ing sira; Panjenengané ora kasamaran bobot samendhang ing langit-langit lan ing bumi, mangkono uga kang luwih cilik tinimbang iku utawa luwih gedhé, ananging (kabèh iku) ana ing sajroning Kitab kang terang,[2018]

وَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَا تَأْتِيْنَا السَّاعَةُ ۗ قُلْ بَلٰى وَرَبِّيْ لَتَأْتِيَنَّكُمْ ۙ عٰلِمِ الْغَيْبِ ۚ لَا يَعْزُبُ عَنْهُ مِثْقَالُ ذَرَّةٍ فِي السَّمٰوٰتِ وَلَا فِي الْاَرْضِ وَلَآ اَصْغَرُ مِنْ ذٰلِكَ وَلَآ اَكْبَرُ اِلَّا فِيْ كِتٰبٍ مُّبِيْنٍ ۙ③

4 Supaya Panjenengané angganjar para kang padha angèstu wedi sarta anglakoni panggawé becik;

لِّيَجْزِيَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ ۗ

2018. Ayat punika nyebutaken angger-angger ingkang gumathok boten saged éwah gingsir, bilih saben pandamel punika mesthi wonten wohipun. Boten wonten satunggal punapa, nadyan alita di kados punapa, ingkang boten saged nukulaken woh. Ayat kakalih candhakipun anggambaraken tumindhakipun angger-angger punika: saé angsal ganjaran saé, awon angsal pidana awon.

iki kang padha olèh pangapura lan rejeki kang minulya.

أُولَٰٓئِكَ لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَّرِزْقٌ كَرِيمٌ ﴿٤﴾

5 Wondéné para kang padha nyarempeng anjugaraké timbalan-timbalan Ingsun,[2019] iki kang padha kasiksa nglarani *kang ala*.[2020]

Ut. *amarga saka alaning panggawéné*

وَالَّذِينَ سَعَوْ فِيٓ ءَايٰتِنَا مُعْجِزِيْنَ أُولَٰٓئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مِّن رِّجْزٍ أَلِيمٌ ﴿٥﴾

6 Lan para kang padha sinungan kawruh, padha weruh, manawa apa kang katurunaké marang sira saka Pangéranira, iku kasunyatan sarta anuntun marang dadalané Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Pinuji.

وَيَرَى الَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ الَّذِيٓ أُنزِلَ إِلَيْكَ مِن رَّبِّكَ هُوَ الْحَقَّ ۙ وَيَهْدِيٓ إِلَىٰ صِرَاطِ الْعَزِيزِ الْحَمِيدِ ﴿٦﴾

7 Lan para kang padha kafir calathu: Apa gelem kowé padha dak tuduhi sawijining wong lanang, kang anerangaké marang kowé, yèn samangsa kowé wis padha ajur mumur babar pisan, temen-temen kowé bakal padha didadèkaké titah kang anyar?

وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا هَلْ نَدُلُّكُمْ عَلَىٰ رَجُلٍ يُنَبِّئُكُمْ إِذَا مُزِّقْتُمْ كُلَّ مُمَزَّقٍ ۙ إِنَّكُمْ لَفِي خَلْقٍ جَدِيدٍ ﴿٧﴾

8 Dhèwèké iku agawé-gawé goroh tumrap marang Allah apa kadunungan lalara owah. O, balik para kang padha ora angèstu ing akhirat, iku ana ing sajroning siksa sarta sasar kang *banget*.

Ar. *adoh*

أَفْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا أَم بِهِ جِنَّةٌ ۗ بَلِ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِالْآخِرَةِ فِي الْعَذَابِ وَالضَّلَٰلِ الْبَعِيدِ ﴿٨﴾

9 Lah apa ta padha ora andeleng barang kang ana sangarepé lan barang kang ana saburiné, yaiku langit lan bumi? Lamun Ingsun angarsakna, dhèwèké bakal padha Ingsun *asoraké* ing bumi, utawa bakal padha Ingsun tibani

Ut. *sirnakaké*

أَفَلَمْ يَرَوْا إِلَىٰ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُم مِّنَ السَّمَآءِ وَالْأَرْضِ ۚ إِن نَّشَأْ نَخْسِفْ بِهِمُ الْأَرْضَ أَوْ نُسْقِطْ

2019. *Mu'âjizîn* wantahipun ateges *merangi* tuwin *nandhingi* tiyang sanès, *murih piyambak-ipun boten saged nindakaken* satunggaling barang (LL).

2020. Tembung *min rijzin* punika saged dipun suraos dados *sifat*-ipun tembung '*adhâb min*-ipun: *min bayaniyah*; utawi saged dipun suraos nerangaken sababipun '*adhâb*, déné *min*-ipun *min sababiyah*. Panyuraos ingkang angka kalih kula sebutaken wonten ing margin. Tembung *rijz* punika wantahipun ateges *jember*, mila saged mengku teges *awon*, utawi *pandamel awon*, utawi *panembah brahala*.

Ut. *sapéra-nganing*

sisilep saka ing langit; sayekti ing kono iku temen ana tandha tumrap sarupaning kawula kang bali (maring Allah).[2021]

عَلَيْهِمْ كِسَفًا مِّنَ السَّمَآءِ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَةً لِّكُلِّ عَبْدٍ مُّنِيبٍ ﴿٩﴾

RUKU’ 2

Pradana tinungka Pidana

10-14. Kados pundi karatonipun Nabi Daud sarta Sulaiman anggènipun dados risak. 15-19. Saba linebur salebetipun saweg seneng. 20, 21. Iblis angajak sasar.

a. 1387

10 Lan sayekti temen Ingsun wus aparing kaluwihan saka (ngarsa-)Ningsun marang Dawud: O, gunung! mbolan-balènana pupuji (ing Allah) karo dhèwèké[2022] sarta manuk-manuk;[a] lan Ingsun anglemesaké wesi tumrap dhèwèké,[2023]

وَلَقَدْ آتَيْنَا دَاوُدَ مِنَّا فَضْلًا ۖ يَا جِبَالُ أَوِّبِي مَعَهُ وَالطَّيْرَ ۖ وَأَلَنَّا لَهُ الْحَدِيدَ ﴿١٠﴾

Ut. *anglakonana pang-gawé kang sampurna*

11 Pangandika(-Ningsun): *Gawéa (kulambi keré) kang longgar,* lan ukuren rancangané sarta padha

أَنِ اعْمَلْ سَابِغَاتٍ وَقَدِّرْ فِي السَّرْدِ

2021. Punika buktinipun Quran Suci ingkang asring kasebutaken. Para titiyang kafir sami maiben ing wontenipun kiyamat, maiben ing wontenipun gesang sasampunipun pejah, ngemohi dhateng piwulang ingkang adiluhung bilih sadaya manusa tanggel dhateng sadaya pandamelipun, mangka ngemungaken piwulang-piwulang wau ingkang dados dhadhasaring budipakerti ingkang luhur. Awit saking punika para titiyang wau lajeng sami dipun pangandikani, minangka pasaksèn bilih kiyamat punika nyata wonten saèstu tuwin bilih pandamelipun awon punika mesthi wonten wohipun awon, para titiyang wau badhé kapatrapan pidana wonten ing gesang ing sapunika punika ugi, margi saking kadursilanipun. Terangipun malih, piyambakipun badhé kadadosaken asor wonten ing nagarinipun piyambak sarta sami badhé kadhawahan pidana ingkang ambabar pisani anglimputi awakipun, ngantos piyambakipun boten saged wilujeng saking pidana wau

2022. *Awwaba* punika wantahipun ateges *bali* (LL); manawi kanggé nembungaken sagolonganipun tiyang, ateges: *lalaku ing wayah raina* (LL); manawi dipun anggé tembung silihan, *âba* utawi *awwaba*, ateges *bali saka pandaga marang pambangun-turut* utawi *ngambal-ambali pupuji ing Pangéran*. Dhawuh يا جبال اوبى معه punika limrahipun dipun jarwani: *É, gunung-gunung! mbolan-balénana pupuji ing Allah*. Miturut sawenèh mufassir, redi-redi sami mumuji ing Allah, punika mengku teges kados déné ingkang kasebut ing Quran Suci bilih sadaya barang ingkang boten gesang sami maha-sucèkaken ing Allah. Miturut mufassir sanès-sanèsipun malih, mengku teges redi-redi wau ngumandhangaken anggènipun mumuji Kanjeng Nabi Dawud kalayan suwantenipun ingkang sora. Nanging nitik anggènipun mawi nyebutaken *peksi-peksi*, ingkang sami tutwingking wadya ingkang menang (mirsanana 1387), tuwin *tosan*, kasebutaken sasarengan, punika nedahaken bilih ingkang dipun karsakaken punika kamenanganipun Kanjeng Nabi Dawud. Dados redi-redi sami mumuji, punika mengku teges teluk dhateng Kanjeng Nabi Dawud. Utawi *jibâl* ing ngriki saged ateges para tiyang ageng (mirsanana 1604); suraosipun: para titiyang punika sami kadhawuhan andhèrèkaken Kanjeng Nabi Dawud nelukaken mengsah.

2023. *Gusti Allah anglemesaken tosan tumrap panjenenganipun*, punika tegesipun kathah sanget tosan ingkang dipun pigunakaken panjenenganipun wonten ing paprangan-papranganipun, makaten ugi rasukan keré ingkang kasebutaken ing ayat candhakipun.

anglakonana kabecikan; sayekti Ingsun iki angudanèni marang apa kang padha sira lakoni.[2024]

وَاعْمَلُوا صَالِحًا ۖ إِنِّي بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿١١﴾

a. 1646 12 Lan (Ingsun ambangun-turut-aké) angin marang Sulaiman,[a] kang ésuké lakon sasasi sarta ing soréné lakon sasasi,[2025] lan Ingsun angi-lèkaké *tuk* tembaga ajer tumrap marang dhèwèké;[2026] lan sawenè-hing jin ana kang padha anyambut gawé ana ing ngarepé kalawan idining Pangéran; lan iku sapa sing ambadal paréntah Ingsun, bakal Ingsun icipaké siksa urubing geni.[2027]

وَلِسُلَيْمَانَ الرِّيحَ غُدُوُّهَا شَهْرٌ وَرَوَاحُهَا شَهْرٌ ۖ وَأَسَلْنَا لَهُ عَيْنَ الْقِطْرِ ۖ وَمِنَ الْجِنِّ مَنْ يَعْمَلُ بَيْنَ يَدَيْهِ بِإِذْنِ رَبِّهِ ۖ وَمَنْ يَزِغْ مِنْهُمْ عَنْ أَمْرِنَا نُذِقْهُ مِنْ عَذَابِ السَّعِيرِ ﴿١٢﴾

2024. Bab ingkang karembag wonten ing ayat ingkang sampun dipun lajengaken malih. Kanjeng Nabi Dawud kadhawahan nyamektani sariranipun lan wadyabalanipun kanggé paperangan-paperangan ageng, milanipun rasukan keré punika perlu, inggih punika kanggé rumeksa kawilujenganing gesangipun. Sawenèh mufassir gadhah pamanggih dhawuh punika mengku teges, bilih Kanjeng Nabi Dawud boten dipun keparengaken mundhut bandhaning praja kanggé daharipun, salajengipun panjenenganipun kadhawahan ngupa-boga sarana nindakaken pakaryan kriya, kadosta damel rasukan keré (Kf). *Sâbigât* punika *jama'*-ipun *sabigah*, manawi dados ternbung sifat ateges *longgar* utawi *kathah*, déné ing ngriki kasuraos dados tembung aran ingkang dipun sifati, jalaran tetembungan درع سابغة tegesipun *rasukan keré ingkang longgar*. Nanging ugi wonten ukara نعمة سابغة jawinipun: *nugraha ingkang sampurna* (TA-LL), sarta اعمل سابغات punika saged-sagedipun namung dipun tegesi teges ingkang kula sebutaken wonten ing margin, inggih punika: *nglakonana panggawé kang sampurna.* Tembung *sard* tegesipun *rasukan keré* utawi *trancanganipun* (LL), déné *qaddara* tegesipun *andamel kalayan manut ukuran* utawi *namtokaken*, sarta ugi ateges *namtokaken wekdal ingkang tartamtu* (Q-LL). Rz nganggé teges ingkang kasebutaken kantun piyambak wau kanggé negesi tembung *qaddara* ing ngriki, dados suraosipun: Kanjeng Nabi Dawud kadhawuhan sampun migunakaken wekdalipun sadaya kanggé nindakaken pakaryan wau, jalaran jatos-jatosing ingkang sinedya, punika nglampahi pandamel saé.

2025. Suraosipun, baita-baitanipun Kanjeng Nabi Sulaiman saged lalayaran dhateng panggènan lampahan sewulan namung ing salebetipun sadinten, manawi angsal angin ingkang saé. Bab prakawis baita-baitanipun Kanjeng Nabi Sulaiman. kasebutaken wonten ing I Para-raja 9: 26. Nanging inggih kedah dipun pèngeti bilih *rîh* punika ugi ateges *panguwaos* utawi *papréntahan* utawi *jajahan* (S, TA-LL), dados inggih saged ugi tegesipun punika: kerajanipun Kanjeng Nabi Sulaiman punika wiyar sanget, ngantos mangétanipun lampahan sewulan lan mangilènipun inggih lampahan sewulan.

2026. "Karo déné damel sagarané singen, bukané sapuluh asta, saka ing tepi sisih tutug sisihé" (II Babad 4: 2).

2027. Jin-jin punika boten sanès kajawi tiyang bangsa sanès ingkang katelukaken sarta kaparéntah Kanjeng Nabi Sulaiman tuwin ingkang lajeng kapeksa kapurih nyambut damel. Mirsanana II Babad 2: 12-18: "Wong mau kang pitung leksa padha kapatah pagawéan mikul, kang wolung leksa negor ana ing pagunungan." Kapèngetana bilih *jinn* ing ayat punika, punika para *syayâthîn* ing 38: 37; ing ngriku kapangandikakaken: "(Ingsun ambangun turutaké marang Sulaiman) para sétan, sakèhing ahli yayasan sarta juru-silem;" dados ing ayat wau Quran piyambak anerangaken, bilih *syayâthîn* utawi *sétan-sétan*, punika boten sanès inggih para ahli yayasan lan para juru-silem ingkang dipun peksa kapurih tu-mandang ing damel. Tabrizi wonten ing kitabipun ingkang anggancaraken Himasa, jilid satunggal,

13 Iku padha anggawèkaké dhèwèké apa kang dadi karepé, kaya ta bètèng-bètèng lan pepethan-pepethan, sarta wadhah (gedhé-gedhé) kaya déné jedhing-jedhing, jèdhi-jèdhi kang ora kena dielah-elih;[2028] padha anindakna sukur, o, kulawarga Dawud! lan sathithik para kawula-Ningsun kang padha sukur.

يَعْمَلُونَ لَهُۥ مَا يَشَآءُ مِن مَّحَـٰرِيبَ
وَتَمَـٰثِيلَ وَجِفَانٍ كَٱلْجَوَابِ وَقُدُورٍ
رَّاسِيَـٰتٍ ۚ ٱعْمَلُوٓا۟ ءَالَ دَاوُۥدَ شُكْرًا ۚ
وَقَلِيلٌ مِّنْ عِبَادِىَ ٱلشَّكُورُ ﴿١٣﴾

(i.p. *para jin)*

14 Ananging bareng Ingsun wus anetepaké pati marang dhèwèké, ora ana kang anuduhaké ing bab patiné marang *dhèwèké* kajaba gegremeting bumi kang mangan tekené; bareng iku rubuh, jin weruh kalawan terang, yèn, lamun ta padha weruha barang kang ora katon, ora bakal dhèwèké padha lestari dumunung ing siksa kang anginakaké.[2029]

فَلَمَّا قَضَيْنَا عَلَيْهِ ٱلْمَوْتَ مَا دَلَّهُمْ
عَلَىٰ مَوْتِهِۦٓ إِلَّا دَآبَّةُ ٱلْأَرْضِ تَأْكُلُ
مِنسَأَتَهُۥ ۖ فَلَمَّا خَرَّ تَبَيَّنَتِ ٱلْجِنُّ أَن
لَّوْ كَانُوا۟ يَعْلَمُونَ ٱلْغَيْبَ مَا لَبِثُوا۟
فِى ٱلْعَذَابِ ٱلْمُهِينِ ﴿١٤﴾

nerangaken makaten: "Abu 'Ula nerangaken bangsa Arab asring mungel *jinn*; tiyang ingkang wegig ngrampungi ing damel dipun sanépakaken kaliyan *jinn* tuwin *syaithân*, milanipun manawi piyambakipun badhé nyariyosaken bilih *awakipun dados ringkih tuwin asor*, piyambakipun lajeng mungel bilih *jinn*-ipun sampun késah." Katerangan punika, kawimbuhan malih kateranganipun Quran piyambak, saged ngudari masalah bab *jinn* tuwin *syaithân* ingkang dipun mradamelaken déning Kanjeng Nabi Sulaiman.

2028. II Babad 3:7 nyebutaken papager ingkang dipun ukir rerekan kerub; II Babad 4:3 pandamelipun rerekan sapi; 1I Babad 4: 11, 14 bab pandamelipun jedhing, jedhi, kulah, sapiturutipun.

2029. Gegremeting bumi kang mangan tekené (tekenipun Kanjeng Nabi Sulaiman) punika ingkang dipun karsakaken papréntahanipun ingkang ringkih putranipun Kanjeng Nabi Sulaiman, awit inggih nalika putranipun Kanjeng Nabi Sulaiman ngasta papréntahan wau, dados pecah brahipun karajanipun Kanjeng Nabi Sulaiman. Sampun terang bilih putra ingkang sumilih keprabonipun Kanjeng Nabi Sulaiman, inggih punika Rekhabeam, punika remen sanget nengenaken gesang nglangkungi wates tuwin gesang among suka, boten karsa nindakaken pituturipun para sepuh, malah remen andurusi kakajenganipun para mitranipun tukang nguja kasenengan (I Para-raja 12: 13). Sarta inggih caraning gesangipun ingkang sarwa anglangkungi wates saha sarwa ngéca-éca wau, ingkang dipun karsakaken Quran Suci gegremeting bumi punika. Nedha tekenipun Kanjeng Nabi Sulaiman punika tegesipun *mecah karajanipun Kanjeng Nabi Sulaiman*. Déné *jinn*, kados déné ingkang sampun katerangaken ing ngajeng, punika para pancer ingkang sami mirong, ingkang sampun dipun telukaken Kanjeng Nabi Sulaiman, sarta ingkang ing sawatawis wekdal tetep kebawah tiyang Israil, ngantos dumugining jaman pecah belahipun karajan. Kawontenan punika, makaten ugi kawontenan tutugipun, punika mengku pèpènget tumrap para Muslimin, kados pundi angsal-angsalanipun manawi tiyang punika remen gesang sarwa nglangkungi wates lan manggung mangun suka; émanipun titiyang Muslimin namung purun ngalap paédah sakedhik dhateng pèpènget punika. Nasib ingkang wekasan piyambak kasandhang karajan Islam Daulah Ummawiyah lan Daulah 'Abbasiyah, sami plek kados déné nasib ingkang kasandhang karajanipun Kanjeng Nabi Sulaiman. Kula aturi mirsani ugi 7141.

15 Lan sayekti temen ana sawijining tandha tumrap Saba' ing padununganė: kebon loro ing tengen lan kiwa; padha mangana rijekiné Pangéranira sarta padha sukura marang Panjenengané: Nagara kang becik sarta Pangéran kang Paramarta!

لَقَدْ كَانَ لِسَبَإٍ فِيْ مَسْكَنِهِمْ اٰيَةٌ ۚ
جَنَّتٰنِ عَنْ يَّمِيْنٍ وَّ شِمَالٍ ۬ۛ
كُلُوْا مِنْ رِّزْقِ رَبِّكُمْ وَ اشْكُرُوْا لَهٗ ؕ
بَلْدَةٌ طَيِّبَةٌ وَّ رَبٌّ غَفُوْرٌ ﴿۱۵﴾

16 Ananging dhèwèké padha maléngos, mulané Ingsun angutus banjir bandhang anempuh dhèwèké, sarta kebonné loro dhèwèké Ingsun lironi kebon loro kang wetuné wowohan pait sarta wit
Ut. *asem*, *atsal* tuwin widara sathithik.[2030]

فَاَعْرَضُوْا فَاَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ سَيْلَ
الْعَرِمِ وَ بَدَّلْنٰهُمْ بِجَنَّتَيْهِمْ جَنَّتَيْنِ
ذَوَاتَيْ اُكُلٍ خَمْطٍ وَّ اَثْلٍ وَّ شَيْءٍ
مِّنْ سِدْرٍ قَلِيْلٍ ﴿۱۶﴾

17 Iki pamales-Ingsun marang dhèwèké amarga saka anggoné padha angafiri; lan Ingsun ora midana sapa-sapa kajaba kang ora weruh ing panarima.

ذٰلِكَ جَزَيْنٰهُمْ بِمَا كَفَرُوْا ؕ وَ هَلْ
نُجٰزِيْٓ اِلَّا الْكَفُوْرَ ﴿۱۷﴾

Ar. *karo antarané*
18 Lan saantarané dhèwèké *karo* kutha-kutha kang wus Ingsun barkahi, ing kono Ingsun andadèkaké kutha-kutha (liya) kang katon dineleng kalawan gampang,[2031] lan lalaku ing kono wus Ingsun ukur: padha lalakua ing kono pirang-pirang dina lan pirang bengi, aman.

وَ جَعَلْنَا بَيْنَهُمْ وَ بَيْنَ الْقُرَى الَّتِيْ
بٰرَكْنَا فِيْهَا قُرًى ظَاهِرَةً وَّ قَدَّرْنَا
فِيْهَا السَّيْرَ ؕ سِيْرُوْا فِيْهَا لَيَالِيَ وَ
اَيَّامًا اٰمِنِيْنَ ﴿۱۸﴾

19 Banjur padha munjuk: Dhuh Pangéran kawula! mugi Tuwan tebihaken antawisipun lalampah-

فَقَالُوْا رَبَّنَا بٰعِدْ بَيْنَ اَسْفَارِنَا وَ ظَلَمُوْٓا

2030. Saba' punika satunggaling kitha ing nagari Yaman, ugi winastan *Ma'arab*, watawis lampahan tigang dinten saking Sana'aa. Jebolipun bendungan ing Ma'arab tuwin risakipun kitha déning banjir, punika kawontenan nyata ingkang kaseksèn ing babad, kelampahanipun nalika kirang langkung abad sapisan utawi abad ingkang kaping kalih Maséhi" (Kateranganipun tuwan Palmer).

Nama salimrah manawi sinebut taman utawi kebon kakalih, jalaran pasiten wiyar ingkang kaulah kawedalaken asilipun, punika ing sisihipun kakalih winatesan ing kebon.

2031. Prenahipun kitha-kitha, satunggal kaliyan satunggalipun rapet ajèjèr-jèjèr, ngantos kitha ingkang satunggal saged tiningalan saking satunggalipun, utawi kitha-kitha wau gampil tiningalan saking margi. Punika nandhakaken makmuripun nagari wau. Kitha-kitha ingkang binarkahan, punika kitha-kithanipun nagari Syam lalayananipun dagang titiyang ing Saba'.

lalampah kawula;[2032] lan dhèwèké padha anganiaya awaké dhéwé, mulané padha Ingsun dadèkaké dodongèngan, sarta padha Ingsun buyaraké kalawan buyar babar pisan; sayekti Ing kono iku temen-temen ana tandha-tandha tumrap sarupaning wong kang sabar, sukur.

أَنفُسَهُمْ فَجَعَلْنَاهُمْ أَحَادِيثَ وَمَزَّقْنَاهُمْ كُلَّ مُمَزَّقٍ ۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَآيَاتٍ لِّكُلِّ صَبَّارٍ شَكُورٍ ﴿١٩﴾

20 Lan sayekti temen Iblis iku anganggep nyata panyanané marang dhèwèké, lan iki padha miturut dhèwèké, kajaba sapantha yaiku para mukmin.

وَلَقَدْ صَدَّقَ عَلَيْهِمْ إِبْلِيسُ ظَنَّهُ فَاتَّبَعُوهُ إِلَّا فَرِيقًا مِّنَ الْمُؤْمِنِينَ ﴿٢٠﴾

21 Lan dhèwèké ora duwé kawasa marang *iki*, ananging supaya Ingsun amilahna[a] sapa sing angèstu marang akhirat *karo* sing dumunung ing semang-semang ing atasé prakara iku; lan Pangéranira iku Kang-Rumeksa marang samubarang.

Ut. *dhèwèké (i.p. para mukmin)*
a. 185
Ar. *saka*

وَمَا كَانَ لَهُ عَلَيْهِم مِّن سُلْطَانٍ إِلَّا لِنَعْلَمَ مَن يُؤْمِنُ بِالْآخِرَةِ مِمَّنْ هُوَ مِنْهَا فِي شَكٍّ ۗ وَرَبُّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ حَفِيظٌ ﴿٢١﴾

RUKU' 3

Kamenangan tumrap para Muslimin

22-24. Para panuntun boten badhé amitulungi. 25-27. Perang sarta putusan. 23. Kanjeng Nabi Suci punika juru pèpènget tumrap sadaya bangsa. 29, 30. Titimangsanipun kalampahaning janji.

22 Calathua: Pada anguwuha para kang padha sira anggep,

قُلِ ادْعُوا الَّذِينَ زَعَمْتُم مِّن دُونِ

2032. Boten susah nyunyuwun kados makaten wau kalayan lésan-lésanipun, para titiyang wau inggih kénging winastan nyunyuwun. Jalaran saged kémawon ingkang kados makaten wau cumethaning kawontenanipun ingkang saèstu para titiyang wau. Terangipun, para titiyang wau boten atur panuwun dhateng nugraha ingkang sampun katampi, nanging malah lajeng dhumawah ing awon, temahan para titiyang wau lajeng sami kadhawahan pidana.

Sawenèh mufassir gadhah paham, bilih panyuwun ingkang kados makaten wau pancèn dipun kajengaken saèstu; déné ingkang kasedya badhé mamrih angsal kauntungan saking titiyang miskin jalaran para titiyang miskin wau lajeng kapeksa langkung dangu anggènipun wonten ing margi (JB).

Nalika nerangaken dadaganganipun Yaman kaliyan Syam, tuwan Muir nerangaken makaten: "Dadaganganipun ageng sanget sarta nyugihaken bangsa wau .... tuwin, anèhipun, cacahipun pos-pakèndelan Hadlaramaut dumugi Aylah, ... wonten cacah pitung dasa, trep kados wontenipun ing jaman samangké." Ayat ingkang sampun nyebutaken lampahan ingkang dipun ulur, punika saged ugi ingkang dipun karsakaken inggih pos-pos pakèndelan wau.

Ar. *lan ora*

saliyané Allah; dhèwèké iku ora anguwasani bobot samendhang (baé) ing langit-langit *lan* ing bumi, sarta ana ing sakaroné kono dhèwèké padha ora duwé sakuthu, lan Panjenengané saka ing antarané dhèwèké ora kagungan wong kang mitulungi (Panjenengané).[2033]

اللّٰهِ ۚ لَا يَمْلِكُوْنَ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ فِي
السَّمٰوٰتِ وَلَا فِي الْاَرْضِ وَمَا لَهُمْ فِيْهِمَا
مِنْ شِرْكٍ وَّمَا لَهٗ مِنْهُمْ مِّنْ ظَهِيْرٍ ﴿٢٢﴾

a. 79, 339

23 Lan ora bakal migunani syafa‘at iku ana ngarsaning Panjenengané, kajaba tumrapé wong kang kaidèn déning Panjenengané.[a] Nganti, samangsa giris wus kabirat saka ing ati-atiné bakal padha calathu: Pangéranmu angandikakaké apa? Padha bakal amangsuli: Kasunyatan. Lan Panjenengané iku Ingkang-Mahaluhur, Ingkang-Agung.

وَلَا تَنْفَعُ الشَّفَاعَةُ عِنْدَهٗٓ اِلَّا لِمَنْ اَذِنَ
لَهٗ ۗ حَتّٰىٓ اِذَا فُزِّعَ عَنْ قُلُوْبِهِمْ قَالُوْا
مَاذَا ۙ قَالَ رَبُّكُمْ ۗ قَالُوا الْحَقَّ ۚ وَ
هُوَ الْعَلِيُّ الْكَبِيْرُ ﴿٢٣﴾

24 Calathua: Sapa sing angrijekèni sira saka ing langit-langit lan bumi? Calathua: Allah. Lan sayekti aku utawa kowé iku temen dumunung ing dalan bener utawa ing sasar kang tétéla.[2034]

قُلْ مَنْ يَّرْزُقُكُمْ مِّنَ السَّمٰوٰتِ
وَالْاَرْضِ ۗ قُلِ اللّٰهُ ۙ وَاِنَّآ اَوْ اِيَّاكُمْ
لَعَلٰى هُدًى اَوْ فِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ﴿٢٤﴾

25 Calathua: Kowé ora bakal padha dinangu prakara kaluputanku lan aku ora bakal padha dinangu prakara panggawému.

قُلْ لَّا تُسْـَٔلُوْنَ عَمَّآ اَجْرَمْنَا وَلَا نُسْـَٔلُ
عَمَّا تَعْمَلُوْنَ ﴿٢٥﴾

26 Calathua: Pangéranku bakal angimpun aku (lan kowé) kabèh; banjur amutusi antarané aku (lan kowé) kalawan bener; lan Panjenengané iku Juru-mutusi-kang-Agung, Ingkang-Mahawikan.[2035]

قُلْ يَجْمَعُ بَيْنَنَا رَبُّنَا ثُمَّ يَفْتَحُ بَيْنَنَا
بِالْحَقِّ ۗ وَهُوَ الْفَتَّاحُ الْعَلِيْمُ ﴿٢٦﴾

2033. Ingkang dipun karsakaken, apesipun barang ingkang dipun anggep dados sesembahan-sesembahan, dipun suwuni ingkang sami manembah samangsa sami nandhang rekaos inggih boten saged suka pitulungan.

2034. Suraosipun, wis genah kowé padha dumunung ana ing sasar kang pratéla, mangkono uga aku wis genah dumunung ana ing dadalan kang bener.

2035. Punika piweca ingkang wahananipun sampun dipun tetepi nalika prang ingkang rumiyin

27 Calathua: Aku tuduhna para kang padha sira golongaké karo Panjenengané dadi sakuthon; ora pisan-pisan (sira bisa). O, balik Panjenengané iku Allah, Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Wicaksana.

قُلْ أَرُونِيَ الَّذِينَ أَلْحَقْتُم بِهِ شُرَكَاءَ
كَلَّا ۚ بَلْ هُوَ اللَّهُ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٢٧﴾

28 Lan ora liya Ingsun angutus sira iku kajaba marang sakabèhing manusa, dadi juru martani bubungah sarta juru pépéling, ananging sing akèh manusa iku padha ora weruh.

وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا كَافَّةً لِّلنَّاسِ بَشِيرًا
وَنَذِيرًا وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ
لَا يَعْلَمُونَ ﴿٢٨﴾

29 Lan dhèwèké padha calathu: kapan (bakal kalakoné) janji iki, manawa kowé iku padha wong temen?[2036]

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْوَعْدُ إِن
كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿٢٩﴾

30 Calathua: wus ana katetepan dina sawiji[2037] tumrap marang sira, ora bisa sira ngunduraké sadhéla saka ing kono sarta ora bisa sira ngajokaké.

قُل لَّكُم مِّيعَادُ يَوْمٍ لَّا تَسْتَأْخِرُونَ
عَنْهُ سَاعَةً وَلَا تَسْتَقْدِمُونَ ﴿٣٠﴾

RUKU’ 4

Panuntuning awon

31-33. Para panuntun sarta para pandhèrèkipun sami gentos anglepataken. 34-36. Angéca-éca punika thukulipun awon.

31 Lan para kang padha kafir acalathu: ora bakal aku padha
Ar. *lan ora* angèstu marang Qur’an iki *lan* marang kang sadurungé;[2038] lan

وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لَن نُّؤْمِنَ بِهَٰذَا
الْقُرْآنِ وَلَا بِالَّذِي بَيْنَ يَدَيْهِ ۗ

piyambak, ingkang kalayan cetha pratéla saged suka pancasan antawisipun para Muslimin lan para kafir menggah ing kadadosanipun.

2036. Punika anedahaken bilih para titiyang kafir inggih sami rumaos, bilih ayat-ayat ing nginggil wau mengku piweca.

2037. Wonten ing basanipun piweca, sadinten punika sami kaliyan setaun. Perang Badr punika kelampahanipun sasampunipun kapengker taun Hijrah ingkang kaping sapisan ing panggènan sanès, pitaken makaten punika kaparingan wangsulan makaten: “Bisa uga sawenèh kang padha sira gégé iku bakal tumeka marang kowé sawusé aku lunga” (Mirsanana tegesipun dhawuh 27: 72 ingkang kasebutaken ing margin).

2038. Para titiyang punika boten namung sami angemohi Quran kémawon, nanging wahyu ingkang sampun-sampun inggih dipun emohi, awit wahyu-wahyu wau sami ngemot piweca-piweca bab rawuhipun Kanjeng Nabi Suci.

lamun ta sira bisaa andeleng nalika para anganiaya padha andikakaké mandheg ing ngarsaning Pangérané siji marang sijiné abalang-binalang ujar! Para kang dianggep *cilik* acalathu marang para kang padha gumedhé: yèn ora anaa kowé, amasthi aku iki padha dadi mukmin

Ut. *apes*

وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذِ ٱلظَّٰلِمُونَ مَوْقُوفُونَ عِندَ
رَبِّهِمْ يَرْجِعُ بَعْضُهُمْ إِلَىٰ بَعْضٍ ٱلْقَوْلَ
يَقُولُ ٱلَّذِينَ ٱسْتُضْعِفُوا۟ لِلَّذِينَ
ٱسْتَكْبَرُوا۟ لَوْلَآ أَنتُمْ لَكُنَّا مُؤْمِنِينَ ﴿٣١﴾

32 Para kang padha gumedhé acalathu marang para kang dianggep apes: apa aku padha anyegah kowé saka pituduh sawisé (pituduh) iku tumeka marang kowé? O, balik kowé (dhéwé) sing luput.

قَالَ ٱلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوا۟ لِلَّذِينَ ٱسْتُضْعِفُوٓا۟
أَنَحْنُ صَدَدْنَٰكُمْ عَنِ ٱلْهُدَىٰ بَعْدَ إِذْ
جَآءَكُم ۖ بَلْ كُنتُم مُّجْرِمِينَ ﴿٣٢﴾

33 Lan para kang dianggep apes acalathu marang para kang gumedhé: ora, (iku) pangréka-daya ing wengi lan raina nalikané kowé padha angajani aku supaya aku padha angafiri marang Allah lan agawé sisihan tumrap Panjenengané. Lan dhèwèké bakal padha *anélakaké* piduwung samangsané padha andeleng siksa; lan Ingsun bakal amasang balenggu ing guluné para kang padha kafir; dhèwèké ora bakal winales kajaba apa kang wus padha dilakoni.

Ut. *anyamar*

وَقَالَ ٱلَّذِينَ ٱسْتُضْعِفُوا۟ لِلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوا۟
بَلْ مَكْرُ ٱلَّيْلِ وَٱلنَّهَارِ إِذْ تَأْمُرُونَنَآ أَن
نَّكْفُرَ بِٱللَّهِ وَنَجْعَلَ لَهُۥٓ أَندَادًا ۚ وَأَسَرُّوا۟
ٱلنَّدَامَةَ لَمَّا رَأَوُا۟ ٱلْعَذَابَ ۖ وَجَعَلْنَا
ٱلْأَغْلَٰلَ فِىٓ أَعْنَاقِ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ۚ هَلْ
يُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كَانُوا۟ يَعْمَلُونَ ﴿٣٣﴾

34 Lan ora kena ora saben Ingsun angutus juru pépéling marang sawijing kutha, amasthi para kang kepénak uripé ana ing kono acalathu: sayekti aku iki wong kang padha ora ngandel marang barang gawanning kautusmu.

وَمَآ أَرْسَلْنَا فِى قَرْيَةٍ مِّن نَّذِيرٍ
إِلَّا قَالَ مُتْرَفُوهَآ إِنَّا بِمَآ أُرْسِلْتُم
بِهِۦ كَٰفِرُونَ ﴿٣٤﴾

35 Sarta padha calathu: Bandha lan anak, aku padha luwih akèh lan aku ora bakal padha disiksa.

وَقَالُوا۟ نَحْنُ أَكْثَرُ أَمْوَٰلًا وَأَوْلَٰدًا
وَمَا نَحْنُ بِمُعَذَّبِينَ ﴿٣٥﴾

36 Calathua: Sayekti Pangéranku iku anjembaraké lan anyumpi rejeki tumrap sapa kang dikarsakaké ananging sing akèh manusa iku padha ora weruh.[2039]

قُلْ إِنَّ رَبِّي يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَن
يَشَاءُ وَيَقْدِرُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ
لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٦﴾

RUKU’ 5

Apesipun para sesembahan palsu

37-40. Kados pundi sagedipun parek dhateng Gusti Allah. 40-42. Sesembahanipun sami angemohi panembahipun sarta boten saged amitulungi. 43-45. Angemohi kasunyatan punika masthi pinidana.

37 Lan dudu bandhanira sarta dudu anak-anakira barang kang marakaké sira ing drajad marang ngarsa-Ningsun; ananging sapa sing angèstu sarta alaku becik, yaiki kang padha olèh ganjaran tikel, amarga saka barang kang padha dilakoni, sarta bakal padha aman ana ing papan kang luhur.[2040]

وَمَا أَمْوَالُكُمْ وَلَا أَوْلَادُكُم بِالَّتِي
تُقَرِّبُكُمْ عِندَنَا زُلْفَىٰ إِلَّا مَنْ آمَنَ
وَعَمِلَ صَالِحًا فَأُولَٰئِكَ لَهُمْ جَزَاءُ
الضِّعْفِ بِمَا عَمِلُوا وَهُمْ فِي الْغُرُفَاتِ
آمِنُونَ ﴿٣٧﴾

38 Lan para kang padha ambudi anulak timbalan-timbalan-Ingsun, iku bakal padha ditekakaké marang ing siksa.

وَالَّذِينَ يَسْعَوْنَ فِي آيَاتِنَا مُعَاجِزِينَ
أُولَٰئِكَ فِي الْعَذَابِ مُحْضَرُونَ ﴿٣٨﴾

39 Calathua: Sayekti Pangéranku iku anjembara-Ké rijeki tumrap para kawula-Né endi sing dikarsakaké, sarta anyumpi marang sapa (sing dikarsakaké), lan barang apa baé kang sira wèwèhaké, lah Panjenanganané angluwihi iku pangganjaré,[2041] sarta Panjenenganè iku becik-beciké para kang ngrijekèni.

قُلْ إِنَّ رَبِّي يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَن
يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ وَيَقْدِرُ لَهُ ۚ وَمَا
أَنفَقْتُم مِّن شَيْءٍ فَهُوَ يُخْلِفُهُ ۖ وَهُوَ
خَيْرُ الرَّازِقِينَ ﴿٣٩﴾

2039. Dhawuh ingkang mungel kados makaten punika mesthi mengku teges, bilih ing sapunika Allah kepareng badhé maringi rijeki ingkang kathah dhateng golongan ingkang mlarat sarta kepareng badhé ngiyataken piyambakipun lumawan para murang yekti ingkang sugih-sugih. Margi para titiyang wau sami ngandel-andelaken ing kasugihanipun, kados déné ingkang kacetha ing ayat ingkang sampun wau, milanipun lajeng sami kadhawuhan, bilih dalasan bandhanipun wau pisan badhé kapundhut wangsul saking piyambakipun.

2040. Boten ngemungaken papan ingkang luhur ing suwarga kémawon, nanging ugi ing papan ingkang luhur ing gesang sapunika punika ugi. Punika gelar yekti utawi kanyataan ingkang pinanggih kathah sanget tuladhanipun wonten ing gesanging kaum Muslimin jaman wiwitan.

2041. Tembung *akhlafa* punika kanggènipun kalayan mengku teges *ngungkuli* utawi *nglangkungi*

40 Lan ing dina Panjenengané angimpun dhèwèké kabèh, tumuli Panjenengané bakal angandika marang para malaikat: Apa iki padha manembah marang sira?

وَيَوْمَ يَحْشُرُهُمْ جَمِيعًا ثُمَّ يَقُولُ
لِلْمَلَٰٓئِكَةِ أَهَٰٓؤُلَآءِ إِيَّاكُمْ كَانُوا
يَعْبُدُونَ ﴿٤٠﴾

41 Bakal padha munjuk: Maha suci Tuwan punika! Tuwan punika Pangayoman kawula, sanès piyambakipun; o, balik piyambakipun punika sami manembah jin; ingkang kathah piyambakipun punika tiyang ingkang angèstu dhateng piyambakipun.[2042]

قَالُوا سُبْحَٰنَكَ أَنتَ وَلِيُّنَا مِن
دُونِهِمْ ۖ بَلْ كَانُوا يَعْبُدُونَ الْجِنَّ ۖ
أَكْثَرُهُم بِهِم مُّؤْمِنُونَ ﴿٤١﴾

42 Mulané ing dina iku sawenèhé ora bakal nguwasani ing babagan piguna lan pituna, lan Ingsun bakal ngandika marang para kang padha atindak dudu: Pada angrasakna siksa geni, kang padha sira gorohaké.

فَالْيَوْمَ لَا يَمْلِكُ بَعْضُكُمْ لِبَعْضٍ نَّفْعًا
وَلَا ضَرًّا وَنَقُولُ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا
ذُوقُوا عَذَابَ النَّارِ الَّتِي كُنتُم بِهَا
تُكَذِّبُونَ ﴿٤٢﴾

43 Lan samangsa timbalan-timbalan-Ingsun kang terang winaca marang dhèwèké, dhèwèké padha calathu: Iki ora liya kajaba wong lanang kang sumedya anyegah kowé kabèh saka barang sesembahané bapak-bapakmu. Sarta padha calathu: Iki ora liya kajaba anggit panggorohan. Lan para kang padha kafir angandhakaké kasunyatan kalané tumeka marang dhèwèké: Iki ora liya kajaba kemayan kang tétéla.

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا بَيِّنَٰتٍ قَالُوا
مَا هَٰذَا إِلَّا رَجُلٌ يُرِيدُ أَن يَصُدَّكُمْ
عَمَّا كَانَ يَعْبُدُ آبَاؤُكُمْ وَقَالُوا مَا
هَٰذَا إِلَّا إِفْكٌ مُّفْتَرًى ۚ وَقَالَ الَّذِينَ
كَفَرُوا لِلْحَقِّ لَمَّا جَاءَهُمْ إِنْ هَٰذَا
إِلَّا سِحْرٌ مُّبِينٌ ﴿٤٣﴾

---

ngantos barang sanès kantun wonten ing wingking (saking tembung *khalf*, tegesipun *pungkur*). Tetembungan اخلف البازل jawinipun: (*unta*) *wis angungkuli bâzil umuré*, inggih punika ingkang limrahipun *unta ingkang sampun ngancik umur sangang taun* (LL). Dados *yukhlifuhu* ing ngriki ateges: *Allah maringi marang dhèwèké ganjaran kang gedhé, nganti apa kang wis ditanjakaké ana ing dadalan-É kungkulan kabèh*. Sabarang ingkang sampun kawedalaken para sahabat Nabi wonten ing margining Allah, kaparingaken wangsul dhateng piyambakipun kalayan tikel-matikel.

2042. Kula aturi nyundhukaken kaliyan ruku' ingkang sampun, tétéla titiyang ingkang wonten ing ruku' wau kasebut para ingkang sami gumedhé, punika wonten ing ngriki kasebut *jinn*.

44 Lan Ingsun ora aparing kitab-kitab marang dhèwèké kang padha diwaca, sarta ing sadurungira Ingsun ora angutus juru pépéling marang dhèwèké.[2043]

وَمَآ اٰتَيْنٰهُمْ مِّنْ كُتُبٍ يَّدْرُسُوْنَهَا
وَمَآ اَرْسَلْنَآ اِلَيْهِمْ قَبْلَكَ مِنْ نَّذِيْرٍ ﴿٤٤﴾

45 Lan para wong ing sadurungé dhèwèké anggorohaké (kasunyatan) lan iki durung nyandhak saprapuluhané barang paparing-Ingsun marang dhèwèké;[2044] ananging padha anggorohaké para utusan-Ingsun; lah kaya apa ta wedharé anggon-Ingsun ora rena?

وَكَذَّبَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ ۙ وَمَا
بَلَغُوْا مِعْشَارَ مَآ اٰتَيْنٰهُمْ فَكَذَّبُوْا
رُسُلِيْ ۗ فَكَيْفَ كَانَ نَكِيْرِ ﴿٤٥﴾

RUKU’ 6

Kasunyatan badhé angrembaka

46-50. Kasunyatan badhé anyirnakaken panggorohan. 51-54. Pidana.

Ar. *yèn*

46 Calathua: Aku mituturi sira mung marang prakara sawiji, *yaiku:* Ngadega karana prakaraning Allah, loro-loro lan ijèn; banjur padha mikir-mikira: kancanira iku ora ana lalarané owah; dhèwèké iku ora liya kajaba juru pépéling tumrap marang sira sangareping siksa kang abot.

قُلْ اِنَّمَآ اَعِظُكُمْ بِوَاحِدَةٍ ۚ اَنْ تَقُوْمُوْا
لِلّٰهِ مَثْنٰى وَفُرَادٰى ثُمَّ تَتَفَكَّرُوْا ۗ مَا
بِصَاحِبِكُمْ مِّنْ جِنَّةٍ ۗ اِنْ هُوَ اِلَّا نَذِيْرٌ
لَّكُمْ بَيْنَ يَدَيْ عَذَابٍ شَدِيْدٍ ﴿٤٦﴾

47 Calathua: Sabarang panjalukku pituwas marang sira, lah iku satemené tumrap marang sira. Pituwasku ora liya kajaba ana ing ngarsaning Allah, lan Panjenengané iku marang samubarang Saksi.

قُلْ مَا سَاَلْتُكُمْ مِّنْ اَجْرٍ فَهُوَ لَكُمْ ۗ
اِنْ اَجْرِيَ اِلَّا عَلَى اللّٰهِ ۚ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ
شَيْءٍ شَهِيْدٌ ﴿٤٧﴾

2043. Terangipun, dèrèng naté wonten kitab ingkang kaparingakenn sarta dèrèng naté wonten juru pèpènget ingkang kajumenengaken perlu mulangaken panembah pangéran kathah. Utawi saged mengku teges, bilih ing pundi-pundi panggènan ing tanah Arab sampun sami karawuhan juru-pèpènget, Makkah piyambak ingkang dèrèng naté karawuhan.

2044. Terangipun, menggah ing panguwaosipun tuwin kamakmuranipun lahir, titiyang Quraisy boten nyundhul kaliyan umat pinten-pinten ing jaman kina.

Ut. *amba-lang (luma-wan pang-gorohan*

48 Calathua: Sayekti Pangéranku iku *mangandikakaké* kasunyatan, Ingkang-Ngudanèni sabarang kang ora katon

قُلْ إِنَّ رَبِّي يَقْذِفُ بِالْحَقِّ عَلَّامُ الْغُيُوبِ ﴿٤٨﴾

Ar. *ora pi-nurwanan*
Ar. *diambal-ambali dadi-né*

49 Calathua: Kasunyatan wis teka, lan panggorohan *bakal sirna* sarta ora *bakal bali manèh.*[2045]

قُلْ جَاءَ الْحَقُّ وَمَا يُبْدِئُ الْبَاطِلُ وَمَا يُعِيدُ ﴿٤٩﴾

50 Calathua: Manawa aku luput, lah luputku tumiba mung marang jiwaku dhéwé, lan manawa aku ngambah dalan bener, lah iku amarga saka barang kang kawe-dharaké Pangéranku marang aku; sayekti Panjenengané iku Ami-yarsa, Parek.

قُلْ إِنْ ضَلَلْتُ فَإِنَّمَا أَضِلُّ عَلَىٰ نَفْسِي ۖ وَإِنِ اهْتَدَيْتُ فَبِمَا يُوحِي إِلَيَّ رَبِّي ۚ إِنَّهُ سَمِيعٌ قَرِيبٌ ﴿٥٠﴾

51 Lan lamun sira bisa andeleng nalikané dhèwèké padha giris; lah oncat wis bakal ora ana lan dhèwèké bakal padha dicekel saka panggonan kang cedhak.[2046]

وَلَوْ تَرَىٰ إِذْ فَزِعُوا فَلَا فَوْتَ وَأُخِذُوا مِنْ مَكَانٍ قَرِيبٍ ﴿٥١﴾

Ut. *kapriyé*

52 Lan Dhèwèké bakal padha calathu: Aku padha angèstu ma-rang iku. Lan *saka ngendi* tumrap dhèwèké bisané anggayuh (marang iman) saka ing panggonan kang adoh?[2047]

وَقَالُوا آمَنَّا بِهِ وَأَنَّىٰ لَهُمُ التَّنَاوُشُ مِنْ مَكَانٍ بَعِيدٍ ﴿٥٢﴾

2045. "Kasunyatan" punika saged ateges Kasawijènipun Pangéran, déné "panggorohan" punika panembah-pangéran-kathah, milanipun kaundhangaken wonten ing ngriki, bilih piwulang Tauhid (Kasawijèning Pangéran), badhé dipun jumenengaken wonten ing Makkah, panembah-pangéran-kathah boten badhé saged lumebet mriku malih. Utawi, kasunyatan lan panggorohan punika mengku tegesipun wantah ingkang langkung momot (wiyar). Kayektènipun piweca punika cetha awéla-wéla ing salebetipun wekdal tigawelas abad, sarta ingkang makaten punika dados pasaksèn ingkang ing kayektènipun wahyu Quran. Kula aturi nyundhukaken kaliyan dhawuh ing 17:81 "Calathua: Barang yakti wis teka sarta barang dudu wis sirna; sayekti barang dudu iku (barang kang) masti sirnané."

مايبدئ الباطل ومايعيد punika warni-warni kateranganipun. Bd nerangaken tetembungan makaten wau kapirid saking leburipun satunggaling umat, awit samangsa umat punika sirna, piyambakipun lajeng sampun boten saged *ibda'*, jawinipun *murwani satunggaling barang*, sarta boten saged *i'âdah*, jawinipun *ngawontenaken malih satanggaling barang*.

2046. Piyambakipun sami dipun cepeng nalika wonten ing Badr sarta sapisan malih wonten ing Makkah.

2047. Awit ing kala punika pejah sampun mindhah piyambakipun dhateng ngalam sanès.

53 Lan ing biyèné dhèwèké padha kafir marang iku, sarta padha angandhakaké panyana-nyana tumrap barang kang ora katon saka ing panggonan kang adoh.[2048]

وَقَدْ كَفَرُوا بِهِۦ مِن قَبْلُ ۖ وَيَقْذِفُونَ بِالْغَيْبِ مِن مَّكَانٍۭ بَعِيدٍ ٥٣

Ar. *karo antarané*

54 Lan saantarané dhèwèké *karo* barang kang padha dikapéngini bakal dipasangi aling-aling,[2049] digawé kaya sapapadhané ing biyèn; sayekti dhèwèké iku dumunung ana ing mamang kang ambingungaké.

وَحِيلَ بَيْنَهُمْ وَبَيْنَ مَا يَشْتَهُونَ كَمَا فُعِلَ بِأَشْيَاعِهِم مِّن قَبْلُ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ فِى شَكٍّ مُّرِيبٍۭ ٥٤

2048. Panginten-intenipun bilih Kanjeng Nabi boten badhé angsal damel, tanpa aji, jalaran piyambakipun boten sami sumerep barang gaib.

2049. Menggah ing sajatos-jatosipun, boten wonten pidana ingkang langkung ageng katimbang lan keplèsèdipun tiyang boten saged anggayuh barang ingkang sakalangkung dipun pingini sanget. Lah inggih punika jatos-jatosing naraka.

ركوعاتها ٥ سُورَةُ فَاطِرٍ مَكِّيَّةٌ (٣٥) آياتها ٤٥

SURAT 35

AL-FÂTHIR

(*Ingkang-anitahaken*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*5 ruku', 45 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kanyataaning janjinipun Pangéran.
Ruku' 2. Kasunyatan badhé menang.
Ruku' 3. Umat énggal badhé dipun jumenengaken.
Ruku' 4. Rahayu sarta tentrem dipun janjèkaken dhateng para mukmin.
Ruku' 5. Pidana punika amargi saking pandamel awon.

Namanipun tuwin gathuking suraosipun

Namanipun surat punika mirid saking asma utawi sifatipun Pangéran ingkang kasebutaken wonten ing ayat ingkang wiwitan. Sadaya ingkang kasebutaken wonten ing surat punika, punika menggah ing sajatos-jatosipun wewedharanipun sifat wau, jalaran *Ingkang-Nitahaken* langit-langit lan bumi punika nyirnakaken titah ingkang lami lan nitahaken ingkang énggal. Manawi yakti punika mesthi sami angrembaka, kados déné ingkang sampun kadhawuhaken wonten ing surat ingkang sampun, umat ingkang énggal mesthi kajumenengaken, supados mencaraken yakti wau.

Titimangsaning tumurunipun tuwin babipun ingkang kawarsitakaken

Titimangsaning tumurunipun surat punika kirang langkung sami kaliyan surat ingkang sampun. Ing ruku' ingkang sapisan surat punika andhawuhaken bilih janjinipun Pangéran punika mesthi nyata; bab punika wonten ing wekasaning surat ingkang sampun kapratélakaken. Ruku' ingkang kaping kalih ngiyataken malih janji wau, inggih punika yakti mesthi menang. Ruku' ingkang kaping tiga nyebutaken jumenengipun umat énggal ingkang tinamtu anggentosi umat ingkang sampun, ingkang sampun tétéla anggènipun boten pantes tinanggenah ing damel anggegesang margining yakti lan kaadilan wonten ing jagad. Ruku' sambetipun anjanjèkaken rahayu, katentreman, kabegjan, tuwin kasugihan dhateng para mukmin, déné ruku' ingkang wekasan piyambak mangandikakaken malih angger-angger bilih pidana punika amargi saking pandamel awon.

———————

RUKU' 1

Kanyatanipun janjining Allah

1-4. Allah punika Ingkang-Anitahaken, Ingkang-Aparing sarta Ingkang-Anguwasani. 5. Janjining Allah punika nyata. 6. Pamengsahipun sétan. 7. Saé lan awon wonten wawalesipun.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 (Sakèhing) pangalembana iku kagungané Allah, Ingkang-anitahaké langit-langit lan bumi, Ingkang-agawé para malaikat, utusan-utusan mawa suwiwi, loro lan telu, sarta papat;[2050] Panjenengané angundhaki ing gagawéan(-É) apa sakarsa-Né; sayekti Allah iku marang samubarang kawasa.

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ فَاطِرِ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ
جَاعِلِ الْمَلٰٓئِكَةِ رُسُلًا اُولِيْٓ اَجْنِحَةٍ
مَّثْنٰى وَثُلٰثَ وَرُبٰعَ ۭ يَزِيْدُ فِي
الْخَلْقِ مَا يَشَاۗءُ ۭ اِنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ①

2 Sabarang kamurahan kang diparingaké déning Allah marang manusa, lah ora ana kang bisa mepeti, lan apa kang dipepet déning Panjenengané, ing sawisé iku lah ora ana kang bisa angulungaké iku, lan Panjenengané iku Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Wicaksana.

مَا يَفْتَحِ اللّٰهُ لِلنَّاسِ مِنْ رَّحْمَةٍ فَلَا
مُمْسِكَ لَهَا ۚ وَمَا يُمْسِكْ ۙ فَلَا مُرْسِلَ
لَهٗ مِنْۢ بَعْدِهٖ ۭ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ②

3 O, para manusa! padha ngélingana nugrahaning Allah marang sira; apa kang anitahaké ana saliyané Allah, kang angrijekèni sira

يٰٓاَيُّهَا النَّاسُ اذْكُرُوْا نِعْمَتَ اللّٰهِ عَلَيْكُمْ ۭ
هَلْ مِنْ خَالِقٍ غَيْرُ اللّٰهِ يَرْزُقُكُمْ مِّنَ

2050. Tumrapipun Quran tuwin Bébel, malaikat punika titah ingkang boten wadhag, ingkang pakaryanipun andhatengaken dhawuh timbalanipun Pangéran utawi nindakaken pancasanipun Pangéran. Déné tembung *malak*, punika rimbagan saking tembung *alaka*, jawinipun *andhatengaken ayahan*. Malaikat kacitra gadhah suwiwi, punika pinanggih wonten ing babad suci (babad lalampahanipun para andika nabi). Nanging *janâh* utawi *suwiwinipun* malaikat, punika boten teka ateges anggotaning peksi ingkang kénging kanggé mabur punika. Déné *janâh* utawi *suwiwinipun* malaikat, punika pasemoning *kakiyatan* (*panguwaos*) ingkang murugaken titah ingkang boten wadhag punika saged nindakaken padamelanipun. Ing basa Arab tembung *janâh* punika mengku teges *kakiyatan*, kadosta ing ukara هو مقصوص الجناح (ingkang wantahipun ateges *dhèwèké pruthul suwiwiné*), punika ateges: *dhèwèké iku wong kang ora duwé kakuwatan utawi kuwasa utawi kabisan. utawi dhèwèké iku sèkèng* (TA-LL).

saka ing langit lan bumi? Ora ana sesembahan kajaba Panjenengané:
Ut. *saka ngendi* lah *kapriyé* ta anggonira padha kablinger?

السَّمَآءِ وَالْأَرْضِ ۚ لَآ إِلٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ فَأَنّٰى تُؤْفَكُوْنَ ③

4 Lan manawa dhèwèké padha anggorohaké sira, lah temen para utusan sadurungira iku padha digorohaké, lan marang Allah sakèhing prakara iku anggoné dibalèkaké.

وَإِنْ يُّكَذِّبُوْكَ فَقَدْ كُذِّبَتْ رُسُلٌ مِّنْ قَبْلِكَ ۚ وَإِلَى اللّٰهِ تُرْجَعُ الْأُمُوْرُ ④

5 O, para manusa! sayekti janjining Allah iku nyata, mulané aja nganti kauripan donya iku anjlomprongaké sira, sarta aja nganti
a. 1957 bénggoling apus[a] anjalomprongaké sira tumrap prakara Allah.

يٰٓأَيُّهَا النَّاسُ إِنَّ وَعْدَ اللّٰهِ حَقٌّ فَلَا تَغُرَّنَّكُمُ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا ۚ وَلَا يَغُرَّنَّكُمْ بِاللّٰهِ الْغَرُوْرُ ⑤

6 Sayekti sétan iku mungsuh tumrapé sira, mulané dhèwèké iku sira anggepa mungsuh; dhèwèké mung angajak golongané, supaya dadia isèn-isèning geni murub.

إِنَّ الشَّيْطٰنَ لَكُمْ عَدُوٌّ فَاتَّخِذُوْهُ عَدُوًّا ۚ إِنَّمَا يَدْعُوْا حِزْبَهٗ لِيَكُوْنُوْا مِنْ أَصْحٰبِ السَّعِيْرِ ⑥

7 Para kang padha kafir, iku bakal padha olèh siksa kang abot, lan para kang padha angèstu sarta padha anglakoni panggawé becik, iku bakal padha olèh pangapura sarta ganjaran kang gedhé.

اَلَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيْدٌ ۖ وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَهُمْ مَّغْفِرَةٌ وَّأَجْرٌ كَبِيْرٌ ⑦

RUKU' 2

Kasunyatan badhé menang

8. Kanjeng Nabi sampun ngantos nandhang sungkawa déning ngembrahipun tindak dédé. 9. Para ingkang sami pejah ruhaninipun badhé dipun gesangaken. 10. Sawarnining pangrékadaya anyirnakaken kasunyatan badhé sirna larut. 11. Barang ageng-ageng kamulanipun alit. 12. Piwulang saé lan awon dipun tondhèkaken saganten tawa lan saganten asin. 13. Padhanging kasunyatan anungka petenging kabodhoan. 14. Sesembahan palsu boten badhé mitulungi.

8 Apa wong kang panggawéné ala pinaès-paès tumrap marang awaké iku banjur anganggep yèn
a. 44, 1099, 1312 iku becik? Lah sayekti Allah iku anasaraké sapa sing dikarsakaké[a]

أَفَمَنْ زُيِّنَ لَهٗ سُوْٓءُ عَمَلِهٖ فَرَاٰهُ حَسَنًا ۖ فَإِنَّ اللّٰهَ يُضِلُّ مَنْ يَّشَآءُ وَ

sarta anuduhaké sapa sing dikarsakaké; mulané aja sira angrusakaké jiwanira déning mrihatinaké marang dhèwèké; sayekti Allah iku Angudanèni sabarang kang padha dilakoni.

يَهْدِيْ مَنْ يَّشَآءُ ۖ فَلَا تَذْهَبْ نَفْسُكَ عَلَيْهِمْ حَسَرٰتٍ ۗ اِنَّ اللّٰهَ عَلِيْمٌۢ بِمَا يَصْنَعُوْنَ ﴿٨﴾

9 Lan Allah iku Kang angutus angin, banjur iki Ingsun giring marang tanah kang mati, banjur Ingsun anggo anguripaké bumi sawisé matiné; kaya mangkono (uga) nangèkaké iku.

وَاللّٰهُ الَّذِيْٓ اَرْسَلَ الرِّيٰحَ فَتُثِيْرُ سَحَابًا فَسُقْنٰهُ اِلٰى بَلَدٍ مَّيِّتٍ فَاَحْيَيْنَا بِهِ الْاَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۗ كَذٰلِكَ النُّشُوْرُ ﴿٩﴾

10 Sapa sing kapéngin kaluhuran, lah kagunganing Allah kaluhuran iku kabèh. Marang Panjenenganè konjuké tembung becik iku; déné panggawé becik, iku Panjenenganè kang angunggahaké; déné wong kang padha angrékadaya panggawé ala, iku bakal padha olèh siksa kang abot; sarta rékadayané bakal lebur.[2051]

مَنْ كَانَ يُرِيْدُ الْعِزَّةَ فَلِلّٰهِ الْعِزَّةُ جَمِيْعًا ۗ اِلَيْهِ يَصْعَدُ الْكَلِمُ الطَّيِّبُ وَالْعَمَلُ الصَّالِحُ يَرْفَعُهٗ ۗ وَالَّذِيْنَ يَمْكُرُوْنَ السَّيِّاٰتِ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيْدٌ ۗ وَمَكْرُ اُولٰۤئِكَ هُوَ يَبُوْرُ ﴿١٠﴾

11 Lan Allah wus andadèkaké
b. 862, 1716 sira saka lebu,[b] tumuli saka wiji-
c. 1356A ning urip[c] banjur Panjenenganè
andadèkaké sira jodhon-jodhon;
lan ora ana wong wadon ngandheg
lan ora ana anglairaké, kajaba mes-
Ar. *kawruhé* thi kalawan *uninganè* Panjene-
nganè; lan ora ana wong kang di-
nawakaké umuré iku andawakaké
umuré, sarta ora dielongi umuré,

وَاللّٰهُ خَلَقَكُمْ مِّنْ تُرَابٍ ثُمَّ مِنْ نُّطْفَةٍ ثُمَّ جَعَلَكُمْ اَزْوَاجًا ۗ وَمَا تَحْمِلُ مِنْ اُنْثٰى وَلَا تَضَعُ اِلَّا بِعِلْمِهٖ ۗ وَمَا يُعَمَّرُ مِنْ مُّعَمَّرٍ وَّلَا يُنْقَصُ مِنْ عُمُرِهٖٓ

2051. Menangipun yakti ingkang wekasan tuwin sirnanipun panggorohan, boten saged katembungaken langkung gamblang malih ngungkuli dhawuh ingkang kasebut ing ayat punika. Dhawuh punika kawiwitan kalayan pratélan, bilih sinten ingkang kapéngin angsal kamulyan, boten nandhang asor, lah kedah wangsul dhateng Allah lajeng andhawuhaken bilih kalimah ingkang saé utawi i'tiqad (piwulang pangandel), punika konjuk dhateng Allah, liripun gesang angrembaka tuwin angedalaken woh; déné pandamel saé, punika badhé dipun luhuraken. Samanten anggènipun andhawuhaken bab prakawis kemenanganipun yakti tuwin kasilipun para angèstu. Salajengipun dhawuh punika lajeng nyebutaken, bilih para ingkang sami ngrencana upaya awon badhé nyirnakaken yakti, mesthi badhé nandhang siksa ingkang sanget, salajengipun kanggé angicalaken sawarnining semang-semang, kadhawuhaken pisan bilih upaya wau sadaya mesthi badhé sirna tuwin badhé kacihna anggènipun wuk atanpa dados.

kajaba mesthi wis ana ing dalem kitab; sayekti, iki ingatasé Allah gampang.[2052]

إِلَّا فِي كِتَٰبٍ ۚ إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٌ ﴿١١﴾

12 Lan ora padha sagara loro
Ar. *iki* iku: *sing siji* tawa, kang saking
bangeting tawané bisa marèkaké
ngelak, kapénak pangombéné; lan
Ar. *iki* *sijiné* asin, kang saking asiné
nganti sumromong; lan saka ing kono kabèh sira (bisa) mangan iwak anyaran, sarta bisa angetokaké pèni-pèni kang sira enggo, apa déné sira andeleng prau lalayaran ing kono, amrih sira angupayaa lubèring paparingé Panjenengané supaya sira padha sukura.

وَمَا يَسْتَوِي ٱلْبَحْرَانِ ۖ هَٰذَا عَذْبٌ فُرَاتٌ سَآئِغٌ شَرَابُهُۥ وَهَٰذَا مِلْحٌ أُجَاجٌ ۖ وَمِن كُلٍّ تَأْكُلُونَ لَحْمًا طَرِيًّا وَتَسْتَخْرِجُونَ حِلْيَةً تَلْبَسُونَهَا ۖ وَتَرَى ٱلْفُلْكَ فِيهِ مَوَاخِرَ لِتَبْتَغُوا۟ مِن فَضْلِهِۦ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ ﴿١٢﴾

13 Panjenengané anglebokaké wengi ing raina sarta anglebokaké raina ing wengi, apa déné ambangun-turutaké srengéngé lan rembulan (ing sira); kabèh iku lumaku miturut dalané tumeka mangsa kang wus tinamtu; yaiku, Allah, Pangéranira; kagungané Panjenengané kraton iku; lan para kang padha sira uwuh saliyané Panjenengané, iku padha ora nguwasani apa-apa.[2053]

يُولِجُ ٱلَّيْلَ فِي ٱلنَّهَارِ وَيُولِجُ ٱلنَّهَارَ فِي ٱلَّيْلِ وَسَخَّرَ ٱلشَّمْسَ وَٱلْقَمَرَ ۖ كُلٌّ يَجْرِي لِأَجَلٍ مُّسَمًّى ۚ ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمْ لَهُ ٱلْمُلْكُ ۚ وَٱلَّذِينَ تَدْعُونَ مِن دُونِهِۦ مَا يَمْلِكُونَ مِن قِطْمِيرٍ ﴿١٣﴾

14 Manawa sira anguwuh dhèwèké, dhèwèké ora bakal padha ngrungu panguwuhira; lan yèn ta

إِن تَدْعُوهُمْ لَا يَسْمَعُوا۟ دُعَآءَكُمْ وَلَوْ

2052. Ing wiwitan ayat punika dhawuh anggatosaken kawontenanipun manusa ingkang dumadosipun saking asal kamulan ingkang alit; dados punika mengku sasmita bilih wijining yakti punika sampun katanem sarta seminipun inggih sacara makaten wau. Péranganipun ayat ingkang kantun, bab prakawis Gusti Allah uninga sabarang ingkang kakandhut saha kalahiraken tiyang èstri, sarta bab prakawis panjang lan sudaning umuripun tiyang, punika sajakipun nyasmitakaken bilih anak-anakipun para mengsah punika badhé dados tiyang ingkang angèstu dhateng yakti, makaten ugi para mengsah wau piyambak, pundi ingkang panjang umuripun, inggih badhé dados tiyang angèstu. Dhawuh ingkang wekasan, ingkang mungel: *iki ingatasé Allah gampang*, punika ngiyataken panyuraos makaten wau.

2053. Tembung Arab *qithmir* punika ateges *titik pethak ing gigiring isi kurma*.

سَمِعُوا مَا اسْتَجَابُوا لَكُمْ ۖ وَيَوْمَ الْقِيَامَةِ يَكْفُرُونَ بِشِرْكِكُمْ ۚ وَلَا يُنَبِّئُكَ مِثْلُ خَبِيرٍ ﴿١٤﴾

bisaa ngrungu, iya ora bisa nyembadani marang sira; sarta ing dina kiyamat bakal padha anyélaki anggoné padha sira sakuthokaké (karo Allah); lah ora ana kang bisa anjalèntrèhaké marang sira kaya Ingkang-Waspada.[2054]

RUKU' 3

Umat énggal badhé dipun jumenengaken

15-18. Para tulus badhé sami dados pangajeng. 19-23. Saé kaliyan awon boten kénging dipun garap sami. 24-26. Kados pundi panampinipun dhateng juru-pèpènget.

يَا أَيُّهَا النَّاسُ أَنْتُمُ الْفُقَرَاءُ إِلَى اللَّهِ ۖ وَاللَّهُ هُوَ الْغَنِيُّ الْحَمِيدُ ﴿١٥﴾

15 O, para manusa! sira iku kang butuh marang Allah, lan Allah iku Ingkang-Cukup-Pribadhiné, Ingkang-Ingalembana.

إِنْ يَشَأْ يُذْهِبْكُمْ وَيَأْتِ بِخَلْقٍ جَدِيدٍ ﴿١٦﴾

16 Manawa Panjenenganè angarsakna, sira padha disirnakaké sarta Panjenenganè bakal anekakaké
Ar. *titah* *umat* anyar.

وَمَا ذَٰلِكَ عَلَى اللَّهِ بِعَزِيزٍ ﴿١٧﴾

17 Lan iki ingatasé Allah ora angèl.

وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ۚ وَإِنْ تَدْعُ مُثْقَلَةٌ إِلَىٰ حِمْلِهَا لَا يُحْمَلْ مِنْهُ شَيْءٌ وَلَوْ كَانَ ذَا قُرْبَىٰ ۗ إِنَّمَا تُنْذِرُ الَّذِينَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ بِالْغَيْبِ وَأَقَامُوا الصَّلَاةَ ۚ وَمَنْ تَزَكَّىٰ فَإِنَّمَا يَتَزَكَّىٰ لِنَفْسِهِ ۚ وَإِلَى اللَّهِ الْمَصِيرُ ﴿١٨﴾

18 Lan jiwa kang momot iku ora
a. 851, 1418 bisa ngemot momotaning liyan,[a] lan manawa wong kabotan momotan asambat (ing liyan digawakna) momotané, iku ora bakal ana kang digawakaké sathithik-thithika, sanajan ta iki akrab. Sira iku mung awèh pépéling marang para kang padha wedi ing Pangérané ana ing pasepèn sarta padha anjumenengaké salat; lan sapa sing ulah kasucian, lan ora liya anggoné ulah kasucian iku tumanja marang (raharjaning) jiwané dhéwé; lan marang Allah pantoging tuju iku.

2054. Punika ugi piweca bilih titiyang kafir tuwin para panuntunipun ing wasananipun dumunung wonten ing kawontenan kawon.

19 Lan ora padha wong kang wuta karo wong kang weruh iku,

وَمَا يَسْتَوِي الْأَعْمٰى وَالْبَصِيْرُ ﴿١٩﴾

Ar. *lan ora, lan ora*

20 *Mangkono uga* pepeteng *karo* papadhang.

وَلَا الظُّلُمٰتُ وَلَا النُّوْرُ ﴿٢٠﴾

Ar. *lan ora, lan ora*

21 *Mangkono uga* ayang-ayang *karo* panas.

وَلَا الظِّلُّ وَلَا الْحَرُوْرُ ﴿٢١﴾

Ar. *lan ora*

22 Lan ora padha wong-wong urip *karo* wong-wong mati. Sayekti Allah iku agawé krunguné sapa sing dikarsakaké, lan ora bisa sira agawé krunguné sapa-sapa sing ana ing kubur.

وَمَا يَسْتَوِي الْأَحْيَآءُ وَلَا الْأَمْوَاتُ ۗ
إِنَّ اللّٰهَ يُسْمِعُ مَنْ يَّشَآءُ ۚ وَمَآ أَنْتَ
بِمُسْمِعٍ مَّنْ فِي الْقُبُوْرِ ﴿٢٢﴾

23 Ora liya sira iku kajaba mung juru-pépéling.

إِنْ أَنْتَ إِلَّا نَذِيْرٌ ﴿٢٣﴾

24 Sayekti Ingsun angutus ing sira kalawan kasunyatan, minangka juru-martani bubungah sarta minangka juru-pépéling; lan ora kena ora, saben umat, ing kono mesthi wis tau ana juru-pépélingé.[2055]

إِنَّآ أَرْسَلْنٰكَ بِالْحَقِّ بَشِيْرًا وَّنَذِيْرًا ۗ
وَإِنْ مِّنْ أُمَّةٍ إِلَّا خَلَا فِيْهَا نَذِيْرٌ ﴿٢٤﴾

Ut. *tulus*

a. 527

25 Lan manawa dhèwèké padha anggorohaké ing sira, lah sayekti para ing sadurungira iku anggorohaké (para utusan uga): para utusan wus anekani dhèwèké kalawan bukti-bukti cetha sarta kalawan *layang-layang* tuwin kitab kang madhangi.[a]

وَإِنْ يُّكَذِّبُوْكَ فَقَدْ كَذَّبَ الَّذِيْنَ مِنْ
قَبْلِهِمْ ۚ جَآءَتْهُمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ
وَبِالزُّبُرِ وَبِالْكِتٰبِ الْمُنِيْرِ ﴿٢٥﴾

2055. Piwulang ingkang momot punika, inggih punika bilih saben umat karawuhan nabi punika, wonten ing Quran kagelaraken wongsal-wangsul. Anèhipun, déné piwulang punika kasebut wonten ing wahyu ingkang tumurun nalika jaman wiwitan ing Makkah tuwin ing wahyu ingkang tumurun nalika jaman ingkang kantun-kantun ing Madinah. Kasunyatan agung punika, ingkang ngantos pinten-pinten èwu taun laminipun boten kasumerepan para titiyang saged ing jagad, kasunaraken dhateng satunggaling tiyang Arab ingkang ummi (bodho), ingkang boten mangertos nalika jaman punika wonten umat punapa kémawon lan boten mangertos punapa kitab sucinipun umat-umat wau. Ngemungaken piwulang ingkang momot punika kémawon, ingkang saged dados dhadhasaring ayahanipun Pangéran ingkang ajajagadan sifatipun, ingkang kanggé sagung para manusa. Ngemungaken panjenenganipun ingkang kaserenan panggalih momot, karsa angakeni kasunyatan ingkang dumunung wonten ing sadaya agami, ngemungaken panjenenganipun kémawon, ingkang saged anggolongaken sadaya tiyang nganggé agami satunggal sarta andadosaken para titiyang wau agogondhèlan dhateng Kitab Suci satunggal.

26 Tumuli Ingsun amidana para kang padha kafir; lah kaya apa ta wedharé anggon-Ingsun ora rena?

ثُمَّ أَخَذْتُ الَّذِينَ كَفَرُوا فَكَيْفَ كَانَ نَكِيرِ ٢٦

RUKU' 4

Rahayu sarta tentrem dipun janjèkaken dhateng para mukmin

27, 28. Béda-bédanipun para manusa. 29-35. Para mukmin dipun janjèni sarwa mubra-mubru, rahayu sarta tentrem. 36 37. Pidananipun para tiyang duraka.

27 Apa sira ara andeleng, yèn Allah iku anurunaké banyu saka ing langit? Tumuli iku Ingsun anggo angetokaké woh-wohan kang béda-béda *rupané*; lan ing gunung-gunung ana jalarèhé putih lan abang, abéda-béda warnané lan (ana manèh) kang ireng anjanges?

Ut. *warnané*

أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ أَنزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَخْرَجْنَا بِهِ ثَمَرَاتٍ مُّخْتَلِفًا أَلْوَانُهَا ۚ وَمِنَ الْجِبَالِ جُدَدٌ بِيضٌ وَحُمْرٌ مُّخْتَلِفٌ أَلْوَانُهَا وَغَرَابِيبُ سُودٌ ٢٧

28 Lah kaya mangkono uga para manusa sarta sato kéwan sarta rajakaya iya abéda-béda *rupané*; kang padha wedi ing Allah mung sawenèhing para kawula-Né kang padha darbé kawruh; sayekti Allah iku Mahamulya, Aparamarta.

Ut. *warnané*

وَمِنَ النَّاسِ وَالدَّوَابِّ وَالْأَنْعَامِ مُخْتَلِفٌ أَلْوَانُهُ كَذَٰلِكَ ۗ إِنَّمَا يَخْشَى اللَّهَ مِنْ عِبَادِهِ الْعُلَمَاءُ ۗ إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ غَفُورٌ ٢٨

29 Sayekti para kang padha maca Kitabing Allah sarta anjumenengaké salat apa déné padha amèwèhaké barang paparing-Ingsun ing dhèwèké kalawan winadi tuwin kalawan ngeblak, angarep-arep kauntungan kang ora bakal rusak,[2056]

إِنَّ الَّذِينَ يَتْلُونَ كِتَابَ اللَّهِ وَأَقَامُوا الصَّلَاةَ وَأَنفَقُوا مِمَّا رَزَقْنَاهُمْ سِرًّا وَعَلَانِيَةً يَرْجُونَ تِجَارَةً لَّن تَبُورَ ٢٩

30 Supaya Panjenenganè amaringaké ganjaran kalawan ganep marang dhèwèké sarta angundhaki lubèring paparing-É marang dhèwèké; sayekti Panjenenganè iku Aparamarta, Ingkang-Anikel-nikeli ganjaran.

لِيُوَفِّيَهُمْ أُجُورَهُمْ وَيَزِيدَهُم مِّن فَضْلِهِ ۚ إِنَّهُ غَفُورٌ شَكُورٌ ٣٠

2056. *Tijârah* punika wantahipun ateges *sadé lan tumbas perlu ngupados babathèn*, milanipun ing ngriki tembung wau kula jarwani *kauntungan*.

a. 70

31 Lan Kitab kang Ingsun wedharaké marang sira iku kasunyatan, minangka ambeneraké[a] marang barang sangarepé iku;[2057] sayekti Allah iku marang para kawula-Né tuhu Waspada, Angudanèni.

وَالَّذِيٓ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ مِنَ الْكِتٰبِ هُوَ الْحَقُّ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ ۗ إِنَّ اللّٰهَ بِعِبَادِهٖ لَخَبِيرٌۢ بَصِيرٌ ﴿٣١﴾

Ut. *anga-niaya*

32 Tumuli Ingsun amarisaké Kitab marang kawula-Ningsun kang padha Ingsun pilih; ananging iku ana sawenèh kang *agawé pituna* marang jiwané dhéwé, lan sawenèhé ana kang alaku tengah-tengah, lan sawenèhé menèh ana kang andhisiki ing kabecikan kalawan idining Allah;[2058] iki kautaman kang gedhé.

ثُمَّ أَوْرَثْنَا الْكِتٰبَ الَّذِينَ اصْطَفَيْنَا مِنْ عِبَادِنَا ۖ فَمِنْهُمْ ظَالِمٌ لِّنَفْسِهٖ ۚ وَمِنْهُمْ مُّقْتَصِدٌ ۚ وَمِنْهُمْ سَابِقٌۢ بِالْخَيْرٰتِ بِإِذْنِ اللّٰهِ ۗ ذٰلِكَ هُوَ الْفَضْلُ الْكَبِيرُ ﴿٣٢﴾

33 Patamanan kalanggengan: dhèwèké bakal malebu mrono; ana ing kono bakal dianggon-anggoni gelang bakalé emas lan mutiara, sarta ana ing kono sandhangané sutra.[2059]

جَنّٰتُ عَدْنٍ يَدْخُلُونَهَا يُحَلَّوْنَ فِيهَا مِنْ أَسَاوِرَ مِنْ ذَهَبٍ وَّلُؤْلُؤًا ۚ وَلِبَاسُهُمْ فِيهَا حَرِيرٌ ﴿٣٣﴾

34 Lan bakal padha munjuk: (Sadaya) pangalembana kagunganipun Allah, Ingkang sampun ambirat kasusahan saking (badan) kawula;

وَقَالُوا الْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيٓ أَذْهَبَ عَنَّا

2057. Kapèngetana, Quran Suci kajawi angakeni bilih saben umat karawuhan nabi, ugi amastani bilih wahyu ingkang sampun-sampun punika sami ngemot piweca-piweca, ingkang wahananipun kanyataan rawuhipun Kanjeng Nabi Suci. Sarta punika wahyu ingkang tumurun nalika jaman Makkah wiwitan.

2058. Ing antawisipun para titiyang ingkang pinilih andhatengaken ayahan ingkang kamot wonten ing dalem wahyuning Pangéran dhateng ngasanès, wonten tiyang warni tiga sapisan, titiyang ingkang anggènipun andhèrèk ing Kitab adamel pituna dhateng jiwanipun piyambak, amargi jiwanipun boten tumiyung mriku, dados piyambakipun kapeksa tumindhak ingkang sulaya kaliyan pepénginanipun, labet saking anggènipun badhé ambangun-turut ing yakti. Kaping kalih, titiyang ingkang nganggé margi ingkang tengah-tengah. Déné ingkang kaping tiga, tiyang ingkang pepénginanipun pancèn ngajak piyambakipun manut miturut ing yakti.

2059. Janji punika tumuju tumrap ing gesang sapunika tuwin gesang ing bénjing. Mirsanana 1685, ing ngriku katerangaken Khalifah ‘Umar naté dhawuh nganggén-anggéni Suraqah mawi gelang mas tilas agemipun Kisra ing Persi.

saèstu Pangéran kawula punika tuhu Aparamarta, Ingkang-Anikel-nikeli ganjaran.[2060]

الْحَزَنَ ۖ إِنَّ رَبَّنَا لَغَفُورٌ شَكُورٌ ﴿٣٤﴾

35 Ingkang angenggènaken kawula ing griya ingkang langgeng saking kamurahan-Ipun; ing ngriku rekaos boten badhé angéngingi kawula, sarta sayah inggih boten badhé angéngingi kawula wonten ing ngriku.[2061]

الَّذِي أَحَلَّنَا دَارَ الْمُقَامَةِ مِنْ فَضْلِهِ لَا يَمَسُّنَا فِيهَا نَصَبٌ وَلَا يَمَسُّنَا فِيهَا لُغُوبٌ ﴿٣٥﴾

36 Déné para kang padha kafir, iku padha olèh geni naraka; ora bakal dirampungi dhèwèké, mundhak padha mati, lan dhèwèké ora bakal diènthèngaké siksané: kaya mangkono anggon-Ingsun males sarupané kang ora weruh ing panarima.

وَالَّذِينَ كَفَرُوا لَهُمْ نَارُ جَهَنَّمَ لَا يُقْضَىٰ عَلَيْهِمْ فَيَمُوتُوا وَلَا يُخَفَّفُ عَنْهُمْ مِنْ عَذَابِهَا ۚ كَذَٰلِكَ نَجْزِي كُلَّ كَفُورٍ ﴿٣٦﴾

37 Lan ana ing kono bakal padha sambat nyuwun tulung: Dhuh Pangéran kawula! mugi kawula Tuwan wedalaken, kawula badhé anglampahi kasaénan, *boten kados* ingkang adatipun kula lampahi. Apa Ingsun ora wus aparing umur dawa marang sira, supaya sapa sing niyat éling, ing kono bisa éling? Lan juru pépéling wis anekani sira. Mulané padha ngrasakna; amarga tumrapé para wong atindak dudu ora ana panulung.

Ar. *sanès*

وَهُمْ يَصْطَرِخُونَ فِيهَا رَبَّنَا أَخْرِجْنَا نَعْمَلْ صَالِحًا غَيْرَ الَّذِي كُنَّا نَعْمَلُ ۚ أَوَلَمْ نُعَمِّرْكُمْ مَا يَتَذَكَّرُ فِيهِ مَنْ تَذَكَّرَ وَجَاءَكُمُ النَّذِيرُ ۖ فَذُوقُوا فَمَا لِلظَّالِمِينَ مِنْ نَصِيرٍ ﴿٣٧﴾

2060. Lah punika gambaripun suwarga ingkang sajatos: *Ingkang sampun ambirat kasusahan saking kula sami*. Punika anedahaken bilih "kalis saking kasusahan lan prihatos," punika nugrahaning suwarga ingkang sajatos-jatosipun. Janji dhateng para tiyang tulus ingkang kadhawuhaken marambah-rambah, bilih piyambakipun boten badhé ketaman ing ajrih sarta boten badhé susah, kados déné ingkang asring kasebutaken ing Quran Suci punika, punika ugi anggelaraken kasunyatan wau.

2061. Kapèngetana lajenging gambaripun suwarga cara Islam punika panggènan ingkang sepen ing kasusahan, rekaos tuwin sayah sampun boten angéngingi manusa malih; ingkang wonten ngemungaken rahayu tuwin pamarem saha nugraha ingkang linuhung. Dados ing ngriki punika pangertosan bab suwarga ruhani kawedharaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang.

RUKU' 5

Pidana punika amargi saking pandamel awon

38, 39. Kakafiran punika andadosaken kapitunan. 40. Panembah brahala tinulak. 41. Siksa pinegeng. 42-44. Rékadaya awon punika angrisakaken awakipun piyambak. 45. Sumené.

38 Sayekti Allah iku Ingkang Angudanèni sing ora katon ing langit-langit lan bumi; sayekti Panjenengané Udani marang apa
Ar. *dhadha* kang ana sajroning *ati.*

إِنَّ ٱللَّهَ عَٰلِمُ غَيْبِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ
إِنَّهُۥ عَلِيمٌۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ﴿٣٨﴾

39 Panjenengané iku ingkang
Ut. *paréntah* wus andadèkaké sira (dadi) *kang padha maréntah* ing bumi; mulané sapa sing kafir, iya anibani awaké dhéwé kafiré; lan kafiré ora angundhaki apa-apa marang para kafir ing ngarsané Pangérané kajaba panggething, sarta kafiré ora angundhaki apa-apa marang para kafir kajaba kapitunan.

هُوَ ٱلَّذِى جَعَلَكُمْ خَلَٰٓئِفَ فِى ٱلْأَرْضِ ۚ
فَمَن كَفَرَ فَعَلَيْهِ كُفْرُهُۥ ۖ وَلَا يَزِيدُ
ٱلْكَٰفِرِينَ كُفْرُهُمْ عِندَ رَبِّهِمْ إِلَّا مَقْتًا ۖ
وَلَا يَزِيدُ ٱلْكَٰفِرِينَ كُفْرُهُمْ إِلَّا خَسَارًا ﴿٣٩﴾

40 Calathua: Apa sira wis padha andeleng sekuthon-sekuthonira kang padha sira uwuh saliyané Allah? Tuduhna aku, wus padha anitahaké péranganing bumi kang endi, utawa apa padha duwé bagéan ana ing langit-langit; utawa apa padha Ingsun paringi kitab, kang dhèwèké banjur padha manut bukti kang terang saka ing kono? O, ora balik para wong nganiaya iku olèh janji sawenèh marang sawenèhé ora liya kajaba apus.

قُلْ أَرَءَيْتُمْ شُرَكَآءَكُمُ ٱلَّذِينَ تَدْعُونَ
مِن دُونِ ٱللَّهِ أَرُونِى مَاذَا خَلَقُوا۟ مِنَ
ٱلْأَرْضِ أَمْ لَهُمْ شِرْكٌ فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ ۚ
أَمْ ءَاتَيْنَٰهُمْ كِتَٰبًا فَهُمْ عَلَىٰ بَيِّنَتٍ مِّنْهُ ۚ
بَلْ إِن يَعِدُ ٱلظَّٰلِمُونَ بَعْضُهُم بَعْضًا
إِلَّا غُرُورًا ﴿٤٠﴾

41 Sayekti Allah angukuhaké langit-langit lan bumi supaya aja bubrah; lan manawa sakaroné bubrah, ing sawisé Panjenengané ora ana siji-sijia kang bisa ngukuhaké sakaroné; sayekti Panjenengané iku Ingkang-Aris, Ingkang-Aparamarta.

إِنَّ ٱللَّهَ يُمْسِكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ
أَن تَزُولَا ۚ وَلَئِن زَالَتَآ إِنْ
أَمْسَكَهُمَا مِنْ أَحَدٍ مِّنۢ بَعْدِهِۦٓ ۚ إِنَّهُۥ
كَانَ حَلِيمًا غَفُورًا ﴿٤١﴾

42 Lan dhèwèké padha sumpah kalawan (asmaning) Allah akanthi mathenthenging supatané, yén ana juru pépéling teka marang dhèwèké, amasthi bakal padha manut pituduh angungkuli para umat sing endi baé; ananging bareng wis ana juru pépéling teka marang dhèwèké, ora liya kajaba padha mundhak emohé,[2062]

وَأَقْسَمُوا بِاللَّهِ جَهْدَ أَيْمَانِهِمْ لَئِن جَاءَهُمْ نَذِيرٌ لَّيَكُونُنَّ أَهْدَىٰ مِنْ إِحْدَى الْأُمَمِ ۖ فَلَمَّا جَاءَهُمْ نَذِيرٌ مَّا زَادَهُمْ إِلَّا نُفُورًا ﴿٤٢﴾

43 Padha (dumunung ing) ambek gumedhé ing bumi sarta angréka daya ala; lan réka daya ala iku ora anglimputi sapa-sapa kajaba sing gawé. Lah dhèwèké padha ngentèni apa ta kajaba adat lalakoné para wong kuna? Amarga ora bakal sira mrangguli solan-salin ing *adat lakuning* Allah, sarta ora bakal sira mrangguli owah-owahan ing *adat lakuning* Allah.

Ut. *angger-anggering*

Ut. *angger-anggering*

اسْتِكْبَارًا فِي الْأَرْضِ وَمَكْرَ السَّيِّئِ ۚ وَلَا يَحِيقُ الْمَكْرُ السَّيِّئُ إِلَّا بِأَهْلِهِ ۚ فَهَلْ يَنظُرُونَ إِلَّا سُنَّتَ الْأَوَّلِينَ ۚ فَلَن تَجِدَ لِسُنَّتِ اللَّهِ تَبْدِيلًا ۖ وَلَن تَجِدَ لِسُنَّتِ اللَّهِ تَحْوِيلًا ﴿٤٣﴾

44 Apa dhèwèké ora padha lalaku ing bumi banjur padha andeleng, kapriyé wusanané para wong ing sadurungé awaké, mangka iku luwih banget ing kakuwatan tinimbang dhèwèké? Lan Allah iku ora pisan ana sawijining barang ing langit-langit *utawa* ing bumi kang ketilapan déning Panjenengané; sayekti Panjenengané iku Udani, Kawasa.

Ar. *lan ora*

أَوَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ وَكَانُوا أَشَدَّ مِنْهُمْ قُوَّةً ۚ وَمَا كَانَ اللَّهُ لِيُعْجِزَهُ مِن شَيْءٍ فِي السَّمَاوَاتِ وَلَا فِي الْأَرْضِ ۚ إِنَّهُ كَانَ عَلِيمًا قَدِيرًا ﴿٤٤﴾

45 Lan manawa Allah amidana para manusa kalawan apa uruping

وَلَوْ يُؤَاخِذُ اللَّهُ النَّاسَ بِمَا كَسَبُوا

2062. Ingkang makaten punika kenyataan tumrap para kafir ing tanah Arab tuwin ugi tumrap para Muslimin piyambak. Titiyang Muslimin saking sakedhik anglirwakaken kasunyatan ingkang winahyakaken ing Quran, sarta sami ngraosaken pidananipun, inggih kados déné umat-umat ing sadèrèngipun punika ugi sami ngraosaken pidananipun. Nanging rèhning Quran punika taksih tetep wilujeng sarta lastantun murni, manawi para Muslimin purun manut-miturut ing Quran kalayan tetep mantep, mesthi badhé sumengka malih anggayuh ing kaluhuran.

panggawéné, ing gigiré ora bakal Panjenengané angarèkaké titah sawiji,[2063] ananging Panjenengané aparing sumené marang dhèwèké tumeka wayah kang wus tinamtu; lan samangsa wayahé iku wis tumeka, lah sayekti Allah iku marang para kawula-Né Angudanèni.	مَا تَرَكَ عَلَىٰ ظَهْرِهَا مِنْ دَآبَّةٍ وَّلٰكِنْ يُّؤَخِّرُهُمْ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّىۚ فَاِذَا جَآءَ اَجَلُهُمْ فَاِنَّ اللّٰهَ كَانَ بِعِبَادِهٖ بَصِيْرًا ﴿٤٥﴾

2063. Titah ing ngriki, ateges manusa utawi sarupining makhluk ingkang gesang; tumrap teges ingkang angka kalih, suraosipun: sadaya ingkang asifat gesang badhé cures samangsa manusa sadaya sami sirna.

ركوعاتها ٥ سُورَةُ يٰسٓ مَكِّيَّةٌ (٣٦) اٰياتها ٨٣

SURAT 36

YÂSÎN

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*5 ruku', 83 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kasunyatanipun Quran.
Ruku' 2. Paneteping Kasunyatan.
Ruku' 3. Tandha-tandhaning kayektènipun.
Ruku' 4. Pradana lan Pidana.
Ruku' 5. Karatoning Islam.

Namanipun, gathuking suraosipun, tuwin titimangsaning tumurunipun

Namanipun surat punika mirid saking aksara pangringkesing tetembungan *ya*, *sin*, inggih punika timbalan ingkang tumuju dhateng Kanjeng Nabi. Boten prabéda lan surat kakalih nginggilipun tuwin surat titiga ngandhapipun, surat punika mecakaken bilih Islam mesthi badhé dipun jumenengaken wonten ing bumi sarta mesthi badhé menang kaliyan sadaya ingkang amilawani. Nem surat wau kénging karembag dados sagolongan. Surat ingkang wiwitan piyambak tumrap golongan punika binukanan kalayan sabda pangandika *Kabèh pangalembana iku kagungané Allah*, makaten ugi surat ingkang pungkasan, inggih dipun wekasi kalayan sabda pangandika makaten punika. Punika kanggé anedahaken bilih Allah punika pinuji margi menangipun yakti. Surat punika sampun genah tumurun ing Makkah, sarta manawi boten kagolong ing jaman Makkah wiwitan, saboten-botenipun inggih kagolong ing jaman tengahan. Pamanggihipun tuwan Muir, ingkang mastani bilih tumurunipun punika watawis taun ingkang kaping sadasa utawi kaping sawelas sasampunipun Kanjeng Nabi dados utusan, kedah katulak. Sawenèh juru kritik wonten ingkang anggadhahi pangadatan ayat-ayat Makkiyah winastan dhumawuh ing Madinah, namung margi kakinten bilih ayat-ayat wau mesthi wonten magepokanipun kaliyan sawenèh cacriyosan wewahan utawi cacriyosan ingkang boten nyata. Pamanggih makaten wau asring kémawon boten kénging dipun gondhèli, lan pasaksèn ingkang ngiyataken pamanggih wau inggih boten wonten. Anggolongaken dhawuhing surat saayat utawi kalih ayat ingkang tumurun nalika jaman Makkah wiwitan utawi tengahan, dipun golongaken dhateng dhawuh Madinah, punika tumrap kula menggah ing trep-cèplesipun kula semang-semangaken. Makaten ugi ayat ingkang kagolong wahyu Makkiyah, ingkang mangandikakaken bab zakat utawi bab tiyang Yahudi, punika boten lajeng kedah kagolongaken dhateng wahyu Madaniyah.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika anggegegi kayektènipun Quran Suci; bab punika kadhawuhaken wonten ing ruku' ingkang kaping sapisan. Ruku' ingkang kaping kalih mangandikakaken kalayan adhapur sanépa, bab anggènipun wahyu ingkang sampun-sampun anetepaken ing kayektènipun Quran wau. Ruku' ingkang kaping tiga dhawuh migatosaken dhateng sawenèh tandha yekti ingkang mratandhani ing kayektènipun Quran. Ruku' ingkang kaping sakawan nerangaken bilih tiyang ingkang purun nampèni Quran lan ingkang angemohi Quran, kabéda-béda pancasanipun, murih ganjaran lan wawalesipun badhé dados pasaksèn ing kayektènipun Quran. Ruku' ingkang kaping gangsal, inggih punika ruku' ingkang pungkasan, wiwitanipun dhawuh anggatosaken dhateng wutah gumelaring kawontenan "nèm" punika wekasanipun masthi dados "pikun", wigatos nyasmitakaken bilih mengsah badhé dados ringkih, sanajan ta mengsah wau satunggaling bangsa ingkang kiyat; wekasanipun migatosaken agunging panguwaosipun Pangéran Ingkang-Mahaluhur, Ingkang kagungan karatoning langit lan bumi, lan Ingkang ing sawanci-wanci saged nitahaken saminipun ingkang sampun katitahaken; wosing pangandika: karatoning Islam badhé dipun jumenengaken.

RUKU' 1

Kasunyatan Quran

1-6. Quran punika wewedhar ingkang aparing pèpènget. 7-10. Para ingkang boten angèstu sami boten mraduli. 11, 12. Para mukmin lan para kafir.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
	1 O, manusa![2064]	يٰسٓ ۝١
a. 2099	2 Demi[a] Quran, kebak kawicaksanan;	وَالْقُرْاٰنِ الْحَكِيْمِ ۝٢
	3 Sayekti sira iku tuhu sawenèhing para utusan,	اِنَّكَ لَمِنَ الْمُرْسَلِيْنَ ۝٣
	4 Dumunung ing dalan kang bener.	عَلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ۝٤
	5 Wewedhar-sabdané Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Mahaasih,	تَنْزِيْلَ الْعَزِيْزِ الرَّحِيْمِ ۝٥
	6 Supaya sira apépélinga marang kaum kang bapak-bapakné ora dipépélingi, satemah dhèwèké padha léna.[2065]	لِتُنْذِرَ قَوْمًا مَّآ اُنْذِرَ اٰبَآؤُهُمْ فَهُمْ غٰفِلُوْنَ ۝٦
	7 Sayekti temen tinemu nyata tembung iku ingatasé dhèwèké sing akèh-akèh, mulané padha ora angèstu.[2066]	لَقَدْ حَقَّ الْقَوْلُ عَلٰٓى اَكْثَرِهِمْ فَهُمْ لَا يُؤْمِنُوْنَ ۝٧

2064. Miturut I'Ab, tegesipun *yâsîn* miturut pakecapanipun tiyang *Tayy*, punika *yâinsânu*, jawinipun: *É, manusa*! Utawi É, *manusa kang sampurna*! Kf tuwin AH nyebutaken tuladhanipun aksara kanggé pangringkesing tembung ingkang kados makaten wau, inggih punika tembung kakalih, ingkang satunggal lastantun wetah, satunggalipun karingkes mawi salah satunggaling aksaranipun ingkang baku piyambak, kadosta ما الله kanggé pangringkesing tembung ايمن الله jawinipun: *sumpah kalawan asmaning Allah*. Dados *yâ,* tegesipun *É,* punika lastantun dipun wetahaken, déné tembung *insân* karingkes mawi *sîn*. Mèh sadaya mufassir rujuk pamanggihipun, bilih ingkang dipun karsakaken wonten ing aksara pangringkesing tembung punika Kanjeng Nabi Suci piyambak; mila limrahipun winastan: *surat Yasîn, mugi rahayu lan nugraha tetep ing panjenenganipun.*

2065. Pèpèngetipun Kanjeng Nabi ingkang rumiyin piyambak punika dhateng titiyang Makkah, ingkang boten karawuhan nabi. Nanging Kanjeng Nabi punika ugi juru-pèpènget kanggé umat sanès-sanèsipun. Bab punika kadhawuhaken kalayan terang wonten ing pinten-pinten panggènan; minangka conto kula aturi mirsani 25: 1: "Mahabarkah Panjenengané, Kang wus anurunaké Panyilah marang kawula-Né, supaya Dhèwèké dadia juru pépéling marang sakèhing bangsa."

2066. Tuwan Sale merdèni, *tembung* ing ngriki punika ateges sot ingkang kasabdakaken Allah

8 Sayekti Ingsun amasang ranté ing gulu-guluné, lan iki tumeka ing janggut-jangguté temahan padha anglangak.[2067]

إِنَّا جَعَلْنَا فِيٓ أَعْنَاقِهِمْ أَغْلَٰلًا فَهِيَ
إِلَى ٱلْأَذْقَانِ فَهُم مُّقْمَحُونَ ٨

9 Lan Ingsun wus amasang aling-aling ing sangarepé sarta aling-aling ing saburiné, banjur padha Ingsun turuti, mulané padha ora weruh.[2068]

وَجَعَلْنَا مِنۢ بَيْنِ أَيْدِيهِمْ سَدًّا وَمِنْ
خَلْفِهِمْ سَدًّا فَأَغْشَيْنَٰهُمْ فَهُمْ لَا
يُبْصِرُونَ ٩

10 Lan padha ingatasé dhèwèké, apa padha sira pépélingi, apa ora padha pépélingi, ora padha angèstu.[a]

a. 20

وَسَوَآءٌ عَلَيْهِمْ ءَأَنذَرْتَهُمْ أَمْ لَمْ
تُنذِرْهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ١٠

11 Sira iku mung bisa apépéling marang sapa sing manut pépéling sarta wedi marang Ingkang-Mahamurah ing pasepèn; mulané dhèwèké sira bubungaha kalawan pangapura sarta ganjaran kang minulya.

إِنَّمَا تُنذِرُ مَنِ ٱتَّبَعَ ٱلذِّكْرَ
وَخَشِيَ ٱلرَّحْمَٰنَ بِٱلْغَيْبِ ۖ فَبَشِّرْهُ
بِمَغْفِرَةٍ وَأَجْرٍ كَرِيمٍ ١١

12 Sayekti, Ingsun bakal anguripaké kang padha mati sarta Ingsun anulisi *sabarang kang didhisikaké* tuwin tapak tilasé, lan samubarang wus Ingsun pèngeti ana ing kitab kang cetha.[2069]

Ut. *apa panggawéné lamg dhisik-dhisik*

إِنَّا نَحْنُ نُحْيِ ٱلْمَوْتَىٰ وَنَكْتُبُ مَا
قَدَّمُوا۟ وَءَاثَٰرَهُمْ ۚ وَكُلَّ شَىْءٍ
أَحْصَيْنَٰهُ فِيٓ إِمَامٍ مُّبِينٍ ١٢

---

nalika Adam dhumawah ing dosa. Nanging makaten punika nama merdèni piwulang Islam sacara Nasrani. ”Tembung ingkang pinanggih nyata” tumrap para titiyang Makkah, punika boten sanès kajawi tembung ingkang mangandikakaken bab anggènipun sami milawani dhateng pèpènget para titiyang wau, kados déné ingkang asring kawarsitakaken wonten ing dalem Quran punika; milanipun, lajeng kadhawuhaken wonten ing wekasaning ayat, bilih para titiyang wau boten sami angèstu.

2067. Punika gambaring sikepipun gumedhé para kafir dhateng anggènipun mumulang Kanjeng Nabi. Déné angsal-angsalanipun lekas makaten wau winastan saking Allah, punika katranganipun kula aturi mirsani 44. Menggah ing sajatos-jatosipun, ranténing ambek-gumedhé saha pambaguguk, punika ingkang murugaken para titiyang wau boten purun mirengaken lan nampèni piwulangipun Kanjeng Nabi. Salajengipun prayogi dipun pèngeti, bilih nalika perang Badr para titiyang kafir kapasangan ranté saèstu gulunipun.

2068. Aling-aling ing sangajengipun, punika aling-aling ingkang nyegah piyambakipun majeng tuwin nampèni yakti; déné aling-aling ing sawingkingipun, punika aling-aling ingkang murugaken piyambakipun kepèpètan, ngantos boten saged wangsul perlu nyingkiri pidana.

2069. *Sabarang kang didhisikaké*, punika pandamelipun, déné *tapak tilasipun*, punika tabet ingkang tinilar kantun kanggé tuturutanipun tiyang sanès.

RUKU’ 2

Paneteping Kasunyatan

13-19. Sanépaning para Nabi ingkang rawuhipun gentos tapak. 20-17. Tiyang mukmin ginanjar. 28-32. Tiyang ingkang sami momoyok sami kadhawahan siksa.

13 Lan sira anggelarna marang dhèwèké sanépané wong kang manggon ing kutha, nalikané para utusan teka mrono.

وَاضْرِبْ لَهُمْ مَّثَلًا اَصْحٰبَ الْقَرْيَةِ ۘ اِذْ جَآءَهَا الْمُرْسَلُوْنَ ۚ ﴿١٣﴾

14 Nalika Ingsun angutus (utusan) loro marang dhèwèké, sakaroné padha digorohaké, tumuli Ingsun kuwataké kalawan kang kaping telu, banjur padha calathu: sayekti aku iki para utusan marang kowé kabèh.[2070]

اِذْ اَرْسَلْنَآ اِلَيْهِمُ اثْنَيْنِ فَكَذَّبُوْهُمَا فَعَزَّزْنَا بِثَالِثٍ فَقَالُوْٓا اِنَّآ اِلَيْكُمْ مُّرْسَلُوْنَ ﴿١٤﴾

15 Dhèwèké padha calathu:[2071] Kowé iku ora liya kajaba uwong padhané aku, sarta Ingkang-Mahamurah ora anurunaké apa-apa: Ora liya kowé iku kajaba padha goroh.[2072]

قَالُوْا مَآ اَنْتُمْ اِلَّا بَشَرٌ مِّثْلُنَا ۙ وَمَآ اَنْزَلَ الرَّحْمٰنُ مِنْ شَيْءٍ ۙ اِنْ اَنْتُمْ اِلَّا تَكْذِبُوْنَ ﴿١٥﴾

16 Calathuné: Pangéranku anguningani, manawa satuhu aku iku temen para utusan marang kowé kabèh.

قَالُوْا رَبُّنَا يَعْلَمُ اِنَّآ اِلَيْكُمْ لَمُرْسَلُوْنَ ﴿١٦﴾

2070. Kedah dipun pèngeti bilih punika wonten ing ayat ingkang sampun sumebut sanépa; dados lepat manawi lajeng dipun wastani namanipun kitha tuwin namanipun utusan titiga ingkang rawuh sasarengan wonten ing kitha ngriku. Déné wontenipun sanépa punika kagelaraken, punika namung kanggé anedahaken ing kayektènipun Kanjeng Nabi Suci. Utusan kakalih ingkang kautus langkung rumiyin, punika Kanjeng Nabi Musa tuwin Kanjeng Nabi Isa: kakalihipun sami mecakaken kalayan piweca ingkang terang bab badhé rawuhipun Kanjeng Nabi Suci. Déné utusan ingkang angka tiga, ingkang kanggé ngiyataken utusan kakalih wau, punika boten sanès kajawi inggih Kanjeng Nabi Suci piyambak; sarta ing rèhning rawuhipun Kanjeng Nabi punika dados kanyataaning wahananipun piweca mila sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi rawuhipun panjenenganipun wau angiyataken kasunyatanipun wahyu ingkang sampun-sampun. Pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Musa lan pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Isa sampun rékadaya badhé anelukaken tanah Arab dhateng agaminipun tuwin ngresiki tanah Arab saking panembah-brahala, nanging sami boten angsal damel. Lah samangké utusan ingkang angka tiga kautus.

2071. Wasitanipun nabi titiga wau dhateng umatipun, punika sami kémawon kalayan wasitanipun sadaya nabi. Déné wangsulanipun ummatipun wau, inggih sami kémawon kaliyan wangsulanipun umat ing saumumipun. Dados laras kaliyan sanépa wau.

2072. Kapèngetana bilih umat wau sami angemohi sadaya wahyu: liripun, sami angemohi wahyu ingkang sampun-sampun lan ugi wahyu ingkang kaampil Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw.

وَمَا عَلَيْنَآ إِلَّا الْبَلٰغُ الْمُبِيْنُ ﴿١٧﴾

17 Lan ora ana sasangganku kajaba anekakaké (ayahan) kang terang.

قَالُوْٓا إِنَّا تَطَيَّرْنَا بِكُمْ ۚ لَئِنْ لَّمْ
تَنْتَهُوْا لَنَرْجُمَنَّكُمْ وَلَيَمَسَّنَّكُمْ مِّنَّا
عَذَابٌ أَلِيْمٌ ﴿١٨﴾

18 Calathuné: Temen aku weruh ngalamat ala amarga saka kowé;[2073] manawa kowé ora padha anglèrèni, amasthi kowé bakal padha dak bandhemi watu sarta siksa kang lara saka aku kéné masthi bakal ngenani kowé.

قَالُوْا طَآئِرُكُمْ مَّعَكُمْ ۗ أَئِنْ ذُكِّرْتُمْ ۗ
بَلْ أَنْتُمْ قَوْمٌ مُّسْرِفُوْنَ ﴿١٩﴾

19 Calathuné: Cilakaning pepesthènmu iku wis duwèkmu; apa! yèn kowé padha diélingaké![2074] O, balik kowé kabèh iku kaum kang keladuk.

وَجَآءَ مِنْ أَقْصَا الْمَدِيْنَةِ رَجُلٌ يَّسْعٰى
قَالَ يٰقَوْمِ اتَّبِعُوا الْمُرْسَلِيْنَ ﴿٢٠﴾

20 Lan saka bagéaning kutha kang adoh ana sawijining wong lanang teka amlayoni;[2075] calathuné: O, bangsaku! padha manuta para utusan:

اتَّبِعُوْا مَنْ لَّا يَسْـَٔلُكُمْ أَجْرًا وَّهُمْ مُّهْتَدُوْنَ ﴿٢١﴾

21 Padha mituruta wong kang ora anjaluk pituwas marang kowé, lan dhèwèké iku wong kang padha ngambah dalan kang bener:

2073. Kasangsaran ingkang awujud punapa kémawon mesthi dhumawah dhateng umat samangsa wonten nabi ingkang rawuh wonten ing antawisipun umat wau. Ing panggènan sanès ing Quran Suci angger-angger punika kasebutaken makaten: "Lan yekti Ingsun temen wus angutus para utusan marang para umat ing sadurungira, tumuli padha Ingsun tibani sangsara lan kasusahan, supaya padha adhedhépé" (6: 47). Lah inggih kasangsaran punika ingkang dipun kajengaken déning para ingkang sami angemohi utusan titiga wau.

2074 Para titiyang wau sami dipun pangandikani, bilih kasangsaran wau boten teka tuwuh margi tuking rawuhipun nabi, wangsul punika angsal-angsalaning pandamelipun piyambak ingkang awon; déné nabi, boten sanès namung ngémutaken piyambakipun sarta memèngeti piyambakipun prakawis wohing pandamelipun ingkang awon.

2075. Tiyang punika wonten ing dalem sanépa minangka pethanipun tiyang ingkang purun angèstu. Saben nabi mesthi angsal pandhèrèk saking antawising umatipun, ingkang aneksèni ing kayektèning nabi wau. Kadosta Quran Suci mangandikakaken saking antawising titiyangipun raja Fir'aun wonten satunggal ingkang purun angèstu (40: 28), tuwin Yusuf Arimathea angèstu tuwin mitulungi Kanjeng Nabi 'Isa. Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. inggih kagungan pandhèrèk ingkang makaten wau. Bagéndha Abu Bakar, inggih punika tiyang ingkang angèstu rumiyin piyambak, ing kalanipun tiyang sanès-sanèsipun sami angemohi.

JUZ XXIII

22 Lan apa sababé yèn aku ora ngawula marang Kang-Anitahaké aku? Lan marang Panjenengané anggoné sira bakal padha dibalèkaké:

وَمَا لِيَ لَآ أَعْبُدُ الَّذِيْ فَطَرَنِيْ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ﴿٢٢﴾

23 Apa! apa aku arep angalap sesembahan-sesembahan liyané Panjenengané, kang, manawa Allah Ingkang-Mahamurah angarsakaké sangsara marang aku, syafa'até ora bakal migunani marang aku sathithik-thithika, lan ora bakal nylametaké aku?

ءَأَتَّخِذُ مِنْ دُوْنِهٖٓ اٰلِهَةً إِنْ يُّرِدْنِ الرَّحْمٰنُ بِضُرٍّ لَّا تُغْنِ عَنِّيْ شَفَاعَتُهُمْ شَيْـًٔا وَّلَا يُنْقِذُوْنِ ﴿٢٣﴾

24 Manawa kaya mangkono yekti aku iki temen dumunung ing sasar kang tétéla:

إِنِّيْٓ إِذًا لَّفِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ﴿٢٤﴾

25 Sayekti aku iki angèstu ing Pangéranira, mulané padha ngrungokna *pangajakku.*

Ar. *aku*

إِنِّيْٓ اٰمَنْتُ بِرَبِّكُمْ فَاسْمَعُوْنِ ﴿٢٥﴾

26 Dipangandikani: Lumebua ing taman.[2076] Calathuné: O, muga bangsaku padha weruha.

قِيْلَ ادْخُلِ الْجَنَّةَ ۗ قَالَ يٰلَيْتَ قَوْمِيْ يَعْلَمُوْنَ ﴿٢٦﴾

27 Marang sababé Pangéranku aparing pangapura marang aku sarta andadèkaké aku panunggalané para minulya!

بِمَا غَفَرَ لِيْ رَبِّيْ وَجَعَلَنِيْ مِنَ الْمُكْرَمِيْنَ ﴿٢٧﴾

28 Lan sawisé dhèwèké Ingsun ora anurunaké wadyabala saka langit marang bangsané, lan pancèn Ingsun ora anurunaké.[2077]

وَمَآ أَنْزَلْنَا عَلٰى قَوْمِهٖ مِنْۢ بَعْدِهٖ مِنْ جُنْدٍ مِّنَ السَّمَآءِ وَمَا كُنَّا مُنْزِلِيْنَ ﴿٢٨﴾

2076. Punika janji dhateng tiyang ingkang angèstu wau, inggih punika bilih piyambakipun badhé angsal nugraha saha badhé manggih kabegjan. Satembung kémawon boten wonten ingkang nedahaken bilih tiyang wau pinejahan. Kosokwangsulipun, ayat candhakipun nedahaken bilih tiyang wau kaparingan kamulyan wonten ing donya.

2077. Dhawuh punika saged nyingkiraken paham ingkang kalèntu bab dhumawahipun siksa. Kanggé niksa para titiyang duraka, boten teka wadyabala saking nginggil dipun turunaken, wangsul sabab-sabab ing donya punika ugi, dipun wontenaken.

Ut. *petak*

29 Ora liya kajaba mung *panjelih* sapisan, lah ing kono banjur padha sidhem.[2078]

إِن كَانَتْ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً فَإِذَا هُمْ خَامِدُونَ ﴿٢٩﴾

30 Ah, cilaka temen para kawula iku! ora kena ora, saben ana utusan anekani dhèwèké, masthi diguguyu.

يَا حَسْرَةً عَلَى الْعِبَادِ ۚ مَا يَأْتِيهِم مِّن رَّسُولٍ إِلَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ﴿٣٠﴾

Ar. *bali*

31 Apa dhèwèké padha ora andeleng, wis sapira baé umat ing sadurungé dhèwèké kang wus Ingsun lebur, amarga saka anggoné padha ora *angidhep* marang dhèwèké.[2079]

أَلَمْ يَرَوْا كَمْ أَهْلَكْنَا قَبْلَهُم مِّنَ الْقُرُونِ أَنَّهُمْ إِلَيْهِمْ لَا يَرْجِعُونَ ﴿٣١﴾

32 Lan sarupané (wong) kabèh baé masthi bakal padha disowanaké marang ngarsa-Ningsun.

وَإِن كُلٌّ لَّمَّا جَمِيعٌ لَّدَيْنَا مُحْضَرُونَ ﴿٣٢﴾

RUKU' 3

Tandha-tandhaning Kayektènipun

33-36. Bumi ingkang pejah dipun gesangaken. 37-40. Rinten anungka dalu. 41-45. Para milawani dipun garap kalayan wilasa. 46-50. Ananging sami angemohi timbalan-timbalanipun Pangéran; punika sababipun dipun pidana.

33 Lan sawijining tandha tumrap dhèwèké yaiku bumi kang mati: Iku Ingsun uripaké sarta saka ing kono Ingsun angetokaké wiji, yaiku kang padha dipangan,[2080]

وَآيَةٌ لَّهُمُ الْأَرْضُ الْمَيْتَةُ أَحْيَيْنَاهَا وَأَخْرَجْنَا مِنْهَا حَبًّا فَمِنْهُ يَأْكُلُونَ ﴿٣٣﴾

2078. Sadaya prakawis ingkang kaandharaken wonten ngriki punika sadaya, déning para mufassirin dipun cundhuk-cundhukaken kalayan dodongèngan rawuhipun utusan titiga dhateng nagari Anthaqiyah (Antioki). Ayat punika déning para mufassirin dipun suraos, bilih siksa ingkang kadhawahaken dhateng titiyang ing Antioki, punika béda kaliyan siksa ingkang kadhawahaken dhateng para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci. Tumrap titiyang ing Antioki, petak sapisan sampun cekap, nanging tumrap para mengsahipun Kanjeng Nabi perlu dipun turuni wadyabala saking langit. Nanging ambédak-bédakaken siksa kados makaten wau namung wonten ing gambaring pangangen-angen blaka. Kula aturi mirsani ayat 49, lah ing ngriku *shaihah* utawi *panjelih sapisan* punika siksa ingkang ugi kaancamaken dhateng para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci. Déné *panjelih sapisan* punika boten sanès namung ateges siksa ingkang dhatengipun kalayan dumadakan.

2079. Terangipun, sampun kathah umat ing sadèrèngipun ingkang dipun lebur margi boten sami purun wangsul dhateng utusan.

2080. Marambah-rambah kasebutaken, bumi pejah kagesangaken malih, punika kanggé nyanépakaken pambangunan ingkang badhé dipun wontenaken Quran Suci. Kados punapa pejahipun bumi, langkung-langkung tanah Arab, nalika jaman rawuhipun Kanjeng Nabi Suci, tangèh saged katerangaken wonten ing tafsir ingkang cekak punika. Lah manawi angger- anggering Pangéran "bumi

34 Lan ing kono Ingsun andadèkaké pakebonan kurma lan anggur sarta ing kono Ingsun angudhalaké sumber-sumberan.

وَجَعَلْنَا فِيْهَا جَنّٰتٍ مِّنْ نَّخِيْلٍ وَّاَعْنَابٍ
وَّفَجَّرْنَا فِيْهَا مِنَ الْعُيُوْنِ ﴿٣٤﴾

35 Supaya dhèwèké padha mangana wohé, lan iku dudu gawéan ing tangan-tangané; lah apa ta dhèwèké padha ora sukur?

لِيَاْكُلُوْا مِنْ ثَمَرِهٖ ۙ وَمَا عَمِلَتْهُ
اَيْدِيْهِمْ ۗ اَفَلَا يَشْكُرُوْنَ ﴿٣٥﴾

36 Mahasuci Panjenenganė, Kang wus anitahaké jodhon-jodhon sakèhing barang kayata kang dithukulaké ing bumi sarta ing jinisé apa déné barang kang dhèwèké padha ora weruh.[2081]

سُبْحٰنَ الَّذِيْ خَلَقَ الْاَزْوَاجَ كُلَّهَا
مِمَّا تُنْۢبِتُ الْاَرْضُ وَمِنْ اَنْفُسِهِمْ
وَمِمَّا لَا يَعْلَمُوْنَ ﴿٣٦﴾

37 Lan sawijining tandha tumrap dhèwèké yaiku wengi: Ingsun anglolos raina saka kono, lah ing kono dhèwèké padha kalimput ing pepeteng;[2082]

وَاٰيَةٌ لَّهُمُ الَّيْلُ ۚ نَسْلَخُ مِنْهُ النَّهَارَ
فَاِذَا هُمْ مُّظْلِمُوْنَ ﴿٣٧﴾

Ut. *marang wekasaning lakuné*

38 Lan srengengé lumaku *tumeka wayah kang wus tinamtu;* iki katamtuané Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Udani.[2083]

وَالشَّمْسُ تَجْرِيْ لِمُسْتَقَرٍّ لَّهَا ۗ
ذٰلِكَ تَقْدِيْرُ الْعَزِيْزِ الْعَلِيْمِ ﴿٣٨﴾

39 Apa déné rembulan, iku Ingsun wus anamtokaké andhan-andhané, nganti bali manèh kaya panging kurma kang wis tuwa lan garing.[2084]

وَالْقَمَرَ قَدَّرْنٰهُ مَنَازِلَ حَتّٰى عَادَ
كَالْعُرْجُوْنِ الْقَدِيْمِ ﴿٣٩﴾

---

pejah kagesangaken malih" punika makardi wonten ing alam wadhag, punapa sababipun manawi angger-angger wau boten tumindhak ugi wonten ing alaming ruhaniyah!

2081. Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih ayat punika anjumenengaken tatalesipun kawruh ingkang ageng, inggih punika: sagung dumadi sami ajodhon-jodhon. Mesthi kémawon bangsa Arab boten mangertos punika.

2082. Sapunika pepetenging kabodhoan mesthi sumingkir; awit boten prabéda lan ing alam wadhag dalu lan raina tansah gilir gumantos; lah makaten ugi ing alam ruhani, inggih gilir gumantos papadhang dipun tut wingking ing pepetenging kabodhoan, gentos dipun esuk papadhang.

2083. Ingkang dipun karsakaken dhawuh punika, inggih punika kalanganing surya ing langit kados ingkang katingal ing mripat, ingkang tumrap ing bumi inggih punika buwenganing buruj (dâiratu-l-buruj) ingkang kawatesan buruj sarathan (*tropic of Cancer = kreefts keerkring*) kaliyan buruj jad-yi (*tropic of Capricorn = steenboks keekring*). Utawi inggih saged ingkang dipun karsakaken punika lampahipun surya wonten ing ngalam awang-uwung, utawi inggih saged ingkang dipun karsakaken punika wekdal titimangsaning surya surem boten saged suka papadhang malih.

2084. Dhawuh punika namung anggambaraken wulan kados katingalipun ing mripat serupi kados panging kurma ingkang sampun sepuh lan garing, alit lan memes. Lah inggih kados makaten wau ugi

40 Ora pinarengaké mungguhing srengéngé, yèn ta anututana rembulan, lan ora bisa wengi iku anglancangi raina; lan kabèh iku padha anglayang ing sawijining cakrawala.[2085]

لَا الشَّمْسُ يَنْۢبَغِيْ لَهَآ اَنْ تُدْرِكَ
الْقَمَرَ وَلَا الَّيْلُ سَابِقُ النَّهَارِ ۗ
وَكُلٌّ فِيْ فَلَكٍ يَّسْبَحُوْنَ ﴿٤٠﴾

41 Lan sawijining tandha tumrap dhèwèké yaiku anggon-Ingsun angemotaké para turuné ing sajroning prau kang momot;

وَاٰيَةٌ لَّهُمْ اَنَّا حَمَلْنَا ذُرِّيَّتَهُمْ
فِى الْفُلْكِ الْمَشْحُوْنِ ﴿٤١﴾

Ar. *barang kang padha ditunggangi*

42 Lan Ingsun wus anitahaké tumrap marang dhèwèké *tutunggangan* sapadhané iku.

وَخَلَقْنَا لَهُمْ مِّنْ مِّثْلِهٖ مَا يَرْكَبُوْنَ ﴿٤٢﴾

Ut. *olèh pitulung*

43 Lan manawa Ingsun angarsakna, Ingsun bisa angèremaké dhèwèké; ing kono bakal padha ora *ana kang mitulungi*, sarta ora bakal padha sinalametaké,[2086]

وَاِنْ نَّشَاْ نُغْرِقْهُمْ فَلَا صَرِيْخَ لَهُمْ
وَلَا هُمْ يُنْقَذُوْنَ ﴿٤٣﴾

44 Kajaba (déning) wilasa saka Ingsun sarta minangka bubungah tumeka sawijining mangsa.

اِلَّا رَحْمَةً مِّنَّا وَمَتَاعًا اِلٰى حِيْنٍ ﴿٤٤﴾

45 Lan nalikané padha dicalathoni: Padha dingati-ati marang apa kang ana ing ngarepira lan apa kang ana ing burinira, supaya sira padha pinaringan wilasa.[2087]

وَاِذَا قِيْلَ لَهُمُ اتَّقُوْا مَا بَيْنَ اَيْدِيْكُمْ
وَمَا خَلْفَكُمْ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُوْنَ ﴿٤٥﴾

---

kawontenanipun yakti punika, ing sakawit katingalipun sajak sepélé, nanging boten dangu lajeng nyunaraken cahyanipun ingkang anelahi kados wulan purnama.

2085. Makaten ugi yakti lan panggorohan, punika inggih gadhah ener piyambak-piyambak ingkang dipun tuju ing lampahipun. Boten prabéda lan dalu kedah sumingkir déning palethèking raina, lan makaten ugi panggorohan mesthi sirna déning papadhanging yakti. Barang-barang ing langit sami lalayangan wonten ing kalanganipun piyambak-piyambak, punika pratélan ingkang nyebal saking seserepanipun tiyang Arab 1800 taun kapengker.

2086. Punika pèpènget badhé wontenipun siksa ingkang badhé dhumawah. Kelem wonten ing saganten punika ateges leburipun para titiyang wau, sami ugi, wonten ing pundi kémawon kelampahanipun. Dados tembung punika kanggé anggambaraken siksa ingkang nélakaken apesipun babar pisan tiyang ingkang nandhang siksa wau. Awit wonten ing pundi kémawon boten wonten ingkang ngungkuli apesipun katimbang kaliyan tiyang manawi wonten iag saganten. Nadyan sampun sapinten kémawon pitulungipun kawruh jaman sapunika dhateng manusa, manusa lastantun apes samangsa wonten ing saganten, sami ugi punapa numpak kapal ageng *Titanic* gagrag sapunika, punapa baita satangan ing jaman kina.

2087. *Apa kang ana ing ngarepira*, punika tegesipun siksa ingkang masti andhawahi piyambakipun

46 Lan ora kena ora saben ana timbalan saka timbalan-timbalaning Pangérané tumeka marang dhèwèké, amasthi dhèwèké padha maléngos saka ing kono.

وَمَا تَأْتِيهِم مِّنْ آيَةٍ مِّنْ آيَاتِ
رَبِّهِمْ إِلَّا كَانُوا عَنْهَا مُعْرِضِينَ ﴿٤٦﴾

47 Lan nalikané padha dicalathoni: Padha amèwèhna barang paparinging Allah marang sira, para kang padha kafir acalathu marang para kang padha angèstu: Apa aku padha dikon ngingoni wong kang, yèn ta Allah ngarsakna, Panjenengané bisa ngingoni, ora liya kowé iku kajaba mung dumunung ing sasar kang tétéla.[2088]

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ أَنفِقُوا مِمَّا رَزَقَكُمُ
اللَّهُ قَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِلَّذِينَ آمَنُوا
أَنُطْعِمُ مَن لَّوْ يَشَاءُ اللَّهُ أَطْعَمَهُ
إِنْ أَنتُمْ إِلَّا فِي ضَلَالٍ مُّبِينٍ ﴿٤٧﴾

48 Lan padha calathu: Kapan kalakoné pangancam iki, manawa kowé iku padha wong temen?

وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا الْوَعْدُ إِن
كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿٤٨﴾

49 Ora liya dhèwèké kajaba
Ut. *petak* — mung padha angentèni *panjelih* sapisan, kang bakal angenani
Ar. *lan* — dhèwèké *sajroné isih* padha diyadiniya.

مَا يَنظُرُونَ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً
تَأْخُذُهُمْ وَهُمْ يَخِصِّمُونَ ﴿٤٩﴾

50 Ing kono ora bakal padha bisa atinggal weling sarta bakal padha ora bali marang kulawargané.[2089]

فَلَا يَسْتَطِيعُونَ تَوْصِيَةً وَلَا إِلَىٰ
أَهْلِهِمْ يَرْجِعُونَ ﴿٥٠﴾

RUKU' 4

Pradana lan Pidana

51-54. Tangi. 55-58. Pradananipun para tulus. 59-67. Pidananipun para kafir.

Ut. *cithakan-cithakan* a. 789 — 51 Lan *slomprèt* bakal tiniyup,[a] lah ing kono bakal padha agagancangan saka ing kuburé marang Pangérané.

وَنُفِخَ فِي الصُّورِ فَإِذَا هُم مِّنَ الْأَجْدَاثِ
إِلَىٰ رَبِّهِمْ يَنسِلُونَ ﴿٥١﴾

wonten ing gesang sapunika-punika. Déné apa kang ana ing burinira, punika tegesipun wohing pandamel awon ingkang badhé dipun panggih bénjing wonten ing akhirat.

2088. Mila piyambakipun lajeng sami malèngos, boten purun sumarah dhateng Allah lan boten purun tresna asih dhateng sasaminipun gesang.

2089. Punika piweca ingkang anggambaraken lalampahan ingkang badhé dumados wonten ing prang Badr.

52 Dhèwèké bakal padha calathu: Cilaka aku iki! sapa kang nangèk-aké aku saka ing paturonku?[2090] Iki barang kang wis dijanjèkaké déning Ingkang-Mahamurah lan nyata para utusan iku calathuné.

قَالُوا يَا وَيْلَنَا مَنْ بَعَثَنَا مِنْ مَرْقَدِنَا ۜ هَٰذَا مَا وَعَدَ الرَّحْمَٰنُ وَصَدَقَ الْمُرْسَلُونَ ﴿٥٢﴾

Ut. *petak*

53 Ora liya kajaba mung *panjelih* sapisan, ing kono dhèwèké bakal padha disowanaké kabèh ing ngarsa-Ningsun.

إِنْ كَانَتْ إِلَّا صَيْحَةً وَاحِدَةً فَإِذَا هُمْ جَمِيعٌ لَدَيْنَا مُحْضَرُونَ ﴿٥٣﴾

54 Lan ing dina iku ora ana babar pisan jiwa kinaniaya; lan ora bakal sira winales kajaba apa kang wus padha sira lakoni.

فَالْيَوْمَ لَا تُظْلَمُ نَفْسٌ شَيْئًا وَلَا تُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٥٤﴾

55 Sayekti, para wonging taman iku ing dina iku padha dumunung ing tindak apari-suka.

إِنَّ أَصْحَابَ الْجَنَّةِ الْيَوْمَ فِي شُغُلٍ فَاكِهُونَ ﴿٥٥﴾

56 Dhèwèké sarta para jodhoné padha ana ing éyuban linggih ing ambèn dhuwur aléléyangan.

هُمْ وَأَزْوَاجُهُمْ فِي ظِلَالٍ عَلَى الْأَرَائِكِ مُتَّكِئُونَ ﴿٥٦﴾

57 Ana ing kono padha olèh wowohan sarta bakal padha olèh apa kang padha dikapéngini.

لَهُمْ فِيهَا فَاكِهَةٌ وَلَهُمْ مَا يَدَّعُونَ ﴿٥٧﴾

58 Rahayu: sabdaning Pangéran Kang-Mahaasih.[2091]

سَلَامٌ قَوْلًا مِنْ رَبٍّ رَحِيمٍ ﴿٥٨﴾

59 Lan padha misaha ing dina iki, é, para wong duraka!

وَامْتَازُوا الْيَوْمَ أَيُّهَا الْمُجْرِمُونَ ﴿٥٩﴾

60 Apa Aku ora wus anjanji marang sira, é, anak-anak Adam! supaya aja sira padha angawula sétan? Sayekti dhèwèké iku tumrap ing sira mungsuh kang tétéla,[2092]

أَلَمْ أَعْهَدْ إِلَيْكُمْ يَا بَنِي آدَمَ أَنْ لَا تَعْبُدُوا الشَّيْطَانَ ۖ إِنَّهُ لَكُمْ عَدُوٌّ مُبِينٌ ﴿٦٠﴾

2090. Kubur punika winastan patileman, nadyan tumrap tiyang kafir; jalaran manawi katimbang kaliyan siksa ing naraka ingkang langkung awrat, tumrap piyambakipun kubur punika namung patileman. Kedah dipun pèngeti bilih kubur punika ateges kawontenan, sasampuning gesang pundhat wonten ing donya punika.

2091. Lah punika malih gambaripun suwarga manut Islam. Sasampunipun nerangaken nugraha warni-warni, lajeng karingkes wonten ing tembung satunggal, *rahayu*.

2092. Ayat punika tuwin ayat kakalih candhakipun, punika anetepaken kalawan gumathok, bilih

61 Lan supaya sira padha angawula Aku; iki dalan kang bener.

وَّاَنِ اعْبُدُوْنِيْ ۗ هٰذَا صِرَاطٌ مُّسْتَقِيْمٌ ۝٦١

62 Lan sayekti temen dhèwèké wus anasaraké panunggalanira akèh. Apa ta sira padha ora bisa ngerti?

وَلَقَدْ اَضَلَّ مِنْكُمْ جِبِلًّا كَثِيْرًا ۗ اَفَلَمْ تَكُوْنُوْا تَعْقِلُوْنَ ۝٦٢

63 Iki naraka, kang diancamaké marang sira.

اِصْلَوْهَا الْيَوْمَ بِمَا كُنْتُمْ تَكْفُرُوْنَ ۝٦٤

64 Padha malebua mrono ing dina iki, amarga saka olèhmu padha angafiri.

هٰذِهٖ جَهَنَّمُ الَّتِيْ كُنْتُمْ تُوْعَدُوْنَ ۝٦٣

65 Ing dina iku Ingsun bakal angelak cangkem-cangkemé, sarta tangan-tangané bakal padha munjuk marang Ingsun, lan sikil-sikilé bakal padha aneksèni marang apa kang wus padha *dilakoni.*

Ar. *pinakolih*

اَلْيَوْمَ نَخْتِمُ عَلٰٓى اَفْوَاهِهِمْ وَتُكَلِّمُنَآ اَيْدِيْهِمْ وَتَشْهَدُ اَرْجُلُهُمْ بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ۝٦٥

66 Lan manawa Ingsun angarsakna, amasthi padha Ingsun cuplaki mripaté; banjur bakal padha arebut dhisik tumeka ing dalan, ananging kapriyé olèhé bakal padha weruh?[2093]

وَلَوْ نَشَآءُ لَطَمَسْنَا عَلٰٓى اَعْيُنِهِمْ فَاسْتَبَقُوا الصِّرَاطَ فَاَنّٰى يُبْصِرُوْنَ ۝٦٦

67 Lan manawa Ingsun angarsakna, amasthi bakal Ingsun salini rupa ana ing panggonané: satemah padha ora bisa ambanjur sarta ora bakal bali.[2094]

وَلَوْ نَشَآءُ لَمَسَخْنٰهُمْ عَلٰى مَكَانَتِهِمْ فَمَا اسْتَطَاعُوْا مُضِيًّا وَّلَا يَرْجِعُوْنَ ۝٦٧

Allah punika tansah ngajak ing manusa dhateng yakti, déné ingkang sok nasaraken manusa punika sétan.

2093. Punika minangka siksa margi saking anggènipun angemohi. Dhateng yakti piyambakipun sami ngeremaken mripatipun kalayan dipet sanget, ngantos dados dhipet/wuta mripatipun; nadyan sami gadhah kajeng badhé ningali, meksa boten saged sumerep.

2094. *Maskh* tegesipun santun saking kawontenan saé dhateng kawontenan awon. Mila *masakhahu* punika ateges *nyalini rupa dhèwèké dadi luwih ala rupané* (LL); sarta مسخ الناقة tegesipun *andadèkaké unta wadon dadi kuru lan natoni gigiré marga kekeselen lan marga dipigunakaké* (LA, Q-LL). Dados tegesipun *disalini rupa ana ing anggonané punika dipun jabel panguwaosipun sarta kadadosaken ringkih tuwin kasantunan dados dumunung wonten ing kawontenan awon.*

RUKU' 5

Karatoning Islam

68. Pikun anungka enèm sarta prakasa. 69-70. Weca punika sanès tembung lalahanipun ahli kidung. 71-73. Faédah ingkang kaparingaken. 74-76. Piyambakipun boten badhé tinulungan. 77-83. Kawasa lan karaton punika kagunganipun Allah.

وَمَنْ نُّعَمِّرْهُ نُنَكِّسْهُ فِي الْخَلْقِ ۖ أَفَلَا يَعْقِلُوْنَ ﴿٦٨﴾

68 Lan sapa sing Ingsun paringi umur dawa, iku banjur Ingsun balèkaké kuciwa *kaanané*; lah apa ta padha ora mangerti?[2095]

Ar. *ing kadadéané*

وَمَا عَلَّمْنٰهُ الشِّعْرَ وَمَا يَنْبَغِيْ لَهٗ ۖ إِنْ هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ وَّقُرْاٰنٌ مُّبِيْنٌ ﴿٦٩﴾

69 Lan Ingsun ora amulang kidung marang dhèwèké, sarta iku ora mungguh tumrap dhèwèké;[2096] iku ora liya kajaba pépéling lan Quran kang cetha.

لِّيُنْذِرَ مَنْ كَانَ حَيًّا وَّيَحِقَّ الْقَوْلُ عَلَى الْكٰفِرِيْنَ ﴿٧٠﴾

70 Supaya *dhèwèké* apépéling marang wong kang urip, sarta (supaya) tembung ingatasé para kafir iku tinemua nyata.[a]

Ut. *iku*

a. 2066

أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّا خَلَقْنَا لَهُمْ مِّمَّا عَمِلَتْ أَيْدِيْنَا أَنْعَامًا فَهُمْ لَهَا مٰلِكُوْنَ ﴿٧١﴾

71 Apa padha ora andeleng *anggon*-Ingsun wus anitahaké rajakaya tumrap marang dhèwèké saka barang gagawéaning asta-Ningsun, ing mangka iku dhèwèké kang padha andharbèni?

Ar. *yèn*

وَذَلَّلْنٰهَا لَهُمْ فَمِنْهَا رَكُوْبُهُمْ وَمِنْهَا يَأْكُلُوْنَ ﴿٧٢﴾

72 Lan iku wus Ingsun gawé teluk marang dhèwèké; mulané ana kang dadi tunggangané lan ana kang padha dipangan.

2095. Manut angger-anggeripun kudrat ingkang sampun umum, sarupining ingkang asifat gesang saya dangu mesthi saya kuciwa kawontenanipun. Déné ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika, inggih tumrap satunggal-satunggalipun tiyang, inggih tumrap bangsa-bangsa.

2096. Quran kadhawuhaken manawi sanès kidung, punika mengku teges bilih piweca-piwecanipun Quran punika piweca-piweca saèstu. Cariyos ing ngandhap punika anedahaken bilih Kanjeng Nabi punika pranyata sanès juru nganggit kidung. Dipun riwayataken bilih salah satunggaling sahabatipun maosaken panjenenganipun *syi'ir* (kidung) ingkang makaten ungelipun: كفى الشيب والاسلام بالمرء ناهيا jawinipun: *umur sepuh lan Islam punika sampun cekap kanggé rumeksa tiyang saking awon*. Kanjeng Nabi Suci ngalembana ing *syi'ir* wau, nanging anggèning panjenenganipun maos *syi'ir* wau, wonten ingkang dipun walik urut-urutaning teternbunganipun, makaten كفى الاسلام والشيب بالمرء ناهيا tembung Islam dipun rumiyinaken, tembung

73 Lan ing kono dhèwèké padha olèh faédah sarta ombèn-ombèn; lah apa ta dhèwèké padha ora bakal sukur?

وَلَهُمْ فِيهَا مَنَافِعُ وَمَشَارِبُ ۖ أَفَلَا يَشْكُرُونَ ﴿٧٣﴾

74 Lan dhèwèké padha ngalap sesembahan-sesembahan saliyané Allah, supaya padha dipitulungi.

وَاتَّخَذُوا مِنْ دُونِ اللَّهِ آلِهَةً لَعَلَّهُمْ يُنْصَرُونَ ﴿٧٤﴾

75 (Ananging) iku padha ora bisa mitulungi dhèwèké, sarta dhèwèké bakal padha dadi wadyabala, kang diandhèraké marang ngarepé.[2097]

لَا يَسْتَطِيعُونَ نَصْرَهُمْ وَهُمْ لَهُمْ جُنْدٌ مُحْضَرُونَ ﴿٧٥﴾

76 Mulané aja nganti gunemé andadèkaké susahira; sayekti Ingsun Angudanèni apa kang padha siningidaké lan apa kang padha winedharaké.

فَلَا يَحْزُنْكَ قَوْلُهُمْ ۘ إِنَّا نَعْلَمُ مَا يُسِرُّونَ وَمَا يُعْلِنُونَ ﴿٧٦﴾

77 Apa manusa iku ora andeleng
Ar. *yèn* *anggon*-Ingsun anitahaké dhèwèké
a. 1356A saking wijining-urip?[a] Lah jebulané dhèwèké iku tukang madoni kang tétéla.

أَوَلَمْ يَرَ الْإِنْسَانُ أَنَّا خَلَقْنَاهُ مِنْ نُطْفَةٍ فَإِذَا هُوَ خَصِيمٌ مُبِينٌ ﴿٧٧﴾

78 Lan dhèwèké agawé papandhingan tumrap marang Ingsun[2098] sarta lali marang tumitahé (dhéwé). Acalathu: Sapa kang bakal anguripaké babalung kang wus remuk?

وَضَرَبَ لَنَا مَثَلًا وَنَسِيَ خَلْقَهُ ۖ قَالَ مَنْ يُحْيِي الْعِظَامَ وَهِيَ رَمِيمٌ ﴿٧٨﴾

79 Calathua: Iku Kang bakal anguripaké, (iya) Kang wus andadèkaké iku sakawit, lan Panjenengané iku marang sakèhing tumitah Angudanèni.

قُلْ يُحْيِيهَا الَّذِي أَنْشَأَهَا أَوَّلَ مَرَّةٍ ۖ وَهُوَ بِكُلِّ خَلْقٍ عَلِيمٌ ﴿٧٩﴾

umur sepuh dhawah kantun. Ingkang makaten punika murugaken guru lagu lan pedhotanipun bibrah. Nalika panjenenganipun dipun leresaken, anggènipun maos malih *syi'ir* wau inggih kados ingkang sampun. Dados guru lagu dipun kurbanaken, murih langkung patitis *tegesipun*.

2097. Terangipun ingkang satunggal dipun siksa rumiyin sadèrènging satunggalipun dipun siksa, sarta satunggal lan satunggalipun boten saged tulung-tinulung.

2098. Damel papandhingan tegesipun damel sesembahan dipun jèjèraken ing Allah.

80 Kang wus Agawé geni saka wit kang ijo tumrap marang sira, satemah iku sira anggo dadèn (geni).[2098A]

ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُم مِّنَ ٱلشَّجَرِ ٱلْأَخْضَرِ
نَارًا فَإِذَآ أَنتُم مِّنْهُ تُوقِدُونَ ﴿٨٠﴾

81 Apa ta Kang wus Anitahaké langit-langit lan bumi iku ora kawasa yèn Anitahna papadhané dhèwèké? *Kawasa*! Lan Panjenengané iku Ingkang-Anitahaké (samubarang), Ingkang-Angudanèni.

أَوَلَيْسَ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ
بِقَٰدِرٍ عَلَىٰٓ أَن يَخْلُقَ مِثْلَهُم ۚ بَلَىٰ
وَهُوَ ٱلْخَلَّٰقُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٨١﴾

82 Paréntah-É, samangsa Panjenengané angarsakaké apa-apa mung mangandikakaké marang iku: Anaa, banjur ana.[b]

إِنَّمَآ أَمْرُهُۥٓ إِذَآ أَرَادَ شَيْـًٔا أَن يَقُولَ
لَهُۥ كُن فَيَكُونُ ﴿٨٢﴾

83 Mulané, Mahasuci Panjenengané, Kang karatoning samubarang iku ana ing asta-Né, sarta marang Panjenengané anggoné sira bakal padha binalèkaké.

فَسُبْحَٰنَ ٱلَّذِى بِيَدِهِۦ مَلَكُوتُ كُلِّ
شَىْءٍ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٨٣﴾

2098A. Kajeng-obong ingkang ngawontenaken latu, punika manawi dipun tlusur asal saking wit-witan ingkang ijem. Utawi saged ugi ingkang dipun karsakaken punika, wit ingkang ngemu latu, ingkang ngedalaken latu margi pang-pangipun gosok-ginosok jalaran kanginan.

(٣٧) سُوْرَةُ الصّٰٓفّٰتِ مَكِّيَّةٌ — اٰيَاتُهَا ١٨٢ — رُكُوْعَاتُهَا ٥

SURAT 37

ASH-SHÂFFÂT

(*Para ingkang sami ababarisan*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*5 ruku', 182 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kasawijènipun Pangéran badhé menang.
Ruku' 2. Pancasan.
Ruku' 3. Wasitanipun Kanjeng Nabi Nuh lan Kanjeng Nabi Ibrahim.
Ruku' 4. Kanjeng Nabi Musa, Ilyas tuwin Luth.
Ruku' 5. Kanjeng Nabi Musa sarta kamenanganipun Kanjeng Nabi.

Namanipun tuwin titimangsaning tumurunipun

Namanipun surat punika *Ash-Shâffât*, utawi *Para ingkang sami ababarisan*, punika kapirid saking dhawuhing surat ingkang wiwitan piyambak, ingkang anggambaraken para mukmin. Titimangsaning tumurunipun, sampun boten wonten semang-semangipun malih jaman Makkah wiwitan. Déné bab prakawis gathuking suraosipun tuwin urut-urutanipun, kula aturi mirsani purwakanipun surat ingkang sampun.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika wonten ing ruku' ingkang sapisan angundhangaken piweca ingkang cetha, bilih Kasawijèn punika ing wasananipun mesthi menang. Wonten ing ruku' ingkang kaping kalih andhawuhaken bilih pancasan punika mesthi wonten saèstu. Wonten ing ruku' ingkang kaping tiga, sakawan lan kaping gangsal, dhawuh migatosaken wasitanipun Kanjeng Nabi Nuh, Ibrahim, Musa, Ilyas, Luth tuwin Yunus. Pungkasan piyambak mecakaken kalayan cetha badhé kamenanganipun Kanjeng Nabi.

RUKU' 1

Kasawijènipun Pangéran badhé menang

1-5. Weca badhé unggulipun Kasawijèn. 6-10. Lumawanipun para juru-pethèk sarta juru-nujum. 11-21. Ingkang anggugujeng badhé sami dipun asoraken.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
1 Waspadakna[2099] para kang padha tata ababarisan,	وَالصّٰٓفّٰتِ صَفًّا ۙ﴿١﴾

2099. *Waw* (ingkang wantahipun ateges *lan*) kula jarwani *waspadakna*. *Waw* ingkang manggèn ing ukara ingkang kados makaten punika limrahipun dipun jarwani *dhemi*, mengku teges *sumpah*. Nanging kedah dipun pèngeti, bilih sumpah tumrap ingkang kados makaten wau, punika namung mengku suraos

2 Tumuli para kang padha amenggak awaké kalawan pa-menggak,	فَالزّٰجِرٰتِ زَجْرًا ۙ﴿٢﴾
3 Tumuli para kang padha maca kalawan éling,	فَالتّٰلِيٰتِ ذِكْرًا ۙ﴿٣﴾

dhawuh anggatosaken dhateng sawenèh pasaksèn. Limrahipun, samangsa tiyang punika sumpah kalayan nebut asmanipun Allah, punika menggah ing sajatosipun nguwuh dhateng Gusti Allah, supados Panjenenganipun aneksèni bilih piyambakipun punika temen wicantenipun. Déné maksudipun ingkang sajatos sumpah wau, murih pangakenipun langkung saged damel yakin (langkung dipun andela). Nanging tumrapipun wonten ing Quran, samangsa wonten sumpah ingkang kados makaten wau, tuwuhing kayakinan punika boten teka margi wontenipun pangaken thok, kados déné sumpah ingkang limrah-limrah punika, nanging margi wonten bukti ingkang terang, ingkang ngiyataken kayektènipun pangaken wau. Kadhang-kadhang wonten ing sumpah-snmpah punika, manusa kadhawahan anggatosaken dhateng angger-anggering kudrat ingkang cetha awewèntèhan, kados déné gilir-gumantosing dalu lan raina, sapiturutipun, dipun anggéa pipiridan ing wontenipun angger-angger ruhani; tarkadhang sumpah wau anggelar piweca sabab, supados manawi piweca wau sampun kanyataan wahananipun, kayektèning anggènipun mumulang Kanjeng Nabi punika lajeng katingal cetha pratéla. Tumrap sumpah ing dhawuh ngriki, kados ingkang angka kalih punika.

Tigang ayat ingkang rumiyin piyambak punika ingkang kawarna para angèstu. Ayat ingkang wiwitan piyambak nyebutaken, titiyang mukmin sami tata ababarisan. Punika katindakaken titiyang mukminin saben dinten kaping gangsal, inggih punika saben sami salat jamaah (salat sasarengan); sarta saged mengku suraos piweca dhateng lalampahan ingkang ing pawingkingipun dipun alami titiyang mukminin, inggih punika pacak baris wonten ing papan paprangan lumawan para mengsah-mengsahipun. Ayat ingkang angka kalih marna titiyang mukminin: *para kang padha amenggak* hawanafsunipun. Umat ingkamg sawaunipun dipun kuwaosi hawanafsunipun, malik grembyang dados bandaraning hawanafsunipun. Nanging dhawuh punika ugi mengku suraos piweca, bilih titiyang mukminin tansah kuwaos menggak mengsahipun ingkang sumedya badhé nyirnakaken piyambakipun. Katrangan warni kalih punika dipun sambeti katrangan sanès malih ingkang kasebut wonten ing ayat ingkang kaping tiga, ingkang anélakaken kalayan cetha, bilih ingkang katerangaken wonten ing ngriki punika boten wonten sanès kajawi titiyang Muslimin *para kang padha maca kalawan éling*. Titiyang Muslimin gadhah sisifatan ingkang miyambaki, inggih punika nadyan saweg pacak baris wonten ing papan paprangan, lastantun ajeg sembahyangipun tuwin émutipun dhateng Allah.

Katrangan punika namung mathuk kanggé mastani sembahyangipun titiyang Muslimin sadinten ambal kaping gangsal, lan anggènipun kawasa mekak hawanafsunipun, punapa déné namung mathuk kanggé mastani prajurit Muslimin ingkang lumawan prang lan mekak mengsahipun ingkang ambek-siya. Kawontenan warni kalih punika, satunggal-satunggalipun suka pasaksèn ing kayektèning wasitanipun Islam ingkang adiluhung piyambak, inggih punika Kasawijènipun Pangéran. Jalaran, sapisan, éwah-éwahan ing tanah Arab ingkang aggawokaken, bangsa ingkang klelep wonten ing juranging kanisthan saged kabangun, punika dados pasaksèn bilih tuking wasita wau pranyata suci tuwin nyata asli saking Pangéran. Kaping kalihipun, piweca ingkang angéram-éramaken badhé menangipun para mukminin ingkang kinaniaya kaliyan mengsah-mengsahipun ingkang kinawasa, punika ugi dados tandhayekti bilih wonten asta kinawasa ingkang makardi kanggé biyantu ing Kanjeng Nabi Suci; lah punika ugi mintonaken kayektèning Kasawijènipun Pangéran.

Prayogi dipun pèngeti bilih nadyan para mufassirin sami nyuraos bilih pratélan ingkang kasebut ing ayat titiga ingkang wiwitan wau saged katumrapaken dhateng para malaikat, éwadéné para mufassirin wau inggih anyebutaken bilih pratélan punika ugi mathuk katumrapaken dhateng prajurit Muslimin ingkang sami paprangan lumawan para mengsahing Islam (Rz). Prakawis sanès ingkang pantes pinèngetan inggih punika: ing wiwitaning surat kaundhangakaken, bilih Tauhid (pangandel bab Kasawijènipun Pangéran) punika ing wasananipun mesthi menang: ing wekasaning surat prakawis punika dipun undhangakaken malih kalayan tetembungan ingkang langkung ceplos (mirsanana ayat 171 dumugi ayat ingkang pungkasan piyambak).

4 Sayekti sesembahanira iku tuhu Sawiji:

إِنَّ إِلَٰهَكُمْ لَوَاحِدٌ ٤

5 Pangéraning langit-langit lan bumi sarta barang kang ana ing saantarané iku, tuwin Pangéraning
Ut. *wétan-wétan* *laladan wétan-wétan*.[2100]

رَّبُّ السَّمَٰوَٰتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا وَرَبُّ الْمَشَٰرِقِ ٥

6 Sayekti Ingsun wus amamaèsi langit kang cedak dhéwé kalawan papaès, lintang-lintang,

إِنَّا زَيَّنَّا السَّمَآءَ الدُّنْيَا بِزِينَةٍ الْكَوَاكِبِ ٦

7 Lan (ing kono ana) pangreksa saking sarupaning sétan kang amilawani.[2101]

وَحِفْظًا مِّن كُلِّ شَيْطَٰنٍ مَّارِدٍ ٧

8 Dhèwèké padha ora bisa angrungokaké marang parepatan kang
Ut. *balangi* luhur, sarta padha *diujar-ujari* saka sakèhing sisih,[2102]

لَّا يَسَّمَّعُونَ إِلَى الْمَلَإِ الْأَعْلَىٰ وَيُقْذَفُونَ مِن كُلِّ جَانِبٍ ٨

2100. Anggènipun kasebutaken laladan-laladan wétan wonten ing *Rabbu-l-masyâriq* punika mengku karsa mecakaken bilih sumiyaripun Islam wonten ing tanah-tanah ngriku badhé kelampahan langkung rumiyin, déné kamenanganipun Islam wonten ing tanah-tanah kilèn punika sajakipun taksih dipun srantosaken dumugi jaman ingkang kantun-kantun. *Masyâriq* punika *jama'*-ipun tembung *masyriq*, tegesipun panggènan mlethèkipun surya. Sarta boten béda kaliyan tembung Inggris *east*, tembung wau ugi kénging kanggé nembungaken *tanah wétan*.

2101. Nalika Kanjeng Nabi mumulang, ing antawisipun bangsa Arab wonten warni kalih tiyang ingkang mengsahi panjenenganipun, inggih punika: golonganipun tiyang limrah tuwin golongan pandhita, tukang pethèk tuwin para juru-tenung, inggih punika golongan ingkang winastan *kâhin*. Lah inggih para juru-tenung punika ingkang winastan *sétan-sétan kang milawani*, awit para juru-tenung wau sami gadhah panganggep dhateng awakipun piyambak, bilih sami saged andhatengaken bangsa alus tuwin saged mangsuli sadaya pitakènan ingkang gagayutan kaliyan wekdal ingkang badhé dhateng. Anggènipun mengsahi golongan punika, sirna larut ketrajang banjir kasunyatan Islam ingkang kinawasa, sarta padamelanipun *kâhin* sirna saking tanah Arab katerak majengipun Islam. Gugontuhon Arab punika sirna déning papadhangipun Islam (mirsanana LA bab tembung *kahn*). *Langit* lan *lintang-lintang* ing ayat ingkang sampun, punika nyasmitani wontenipun gugontuhon, ingkang mastani bilih angsalipun seserepan ing bab wekdal ingkang badhé dhateng para tukang pethèk lan para juru-tenung wau saking lintang-tintang. *Pangreksa saka saruparing sétan kang amilawani* punika mengku teges, bilih piyambakipun boten mangertos dhateng wados-wadosipun Pangéran. Salajengipun mirsanana 2365, 2530, tuwin 2582.

2102. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika panginten-intenipun para juru-tenung ing bab lalampahan ingkang badhé dhateng, ingkang para juru-tenung wau dipun anggé gagaran murih sinuba-suba ing titiyang kathah. Ing ngriki kadhawuhaken bilih para juru-tenung wau babar pisan boten saged celak kaliyan tuking piweca (dados boten saged meca punapa-punapa). Déné parepatan ingkang luhur, punika tegesipun para malaikat, ingkang ing atasipun dhateng wahyuning Pangéran dipun paringi pirsa langkung rumiyin. Manawi tegesipun tembung *yuqdhafun*, ingkang kasebut ing margin punika ingkang dipun anggé, saged mengku suraos para mengsahipun Kanjeng Nabi ingkang sanès golongan pandhita. Para titiyang punika kaweca wonten ing ngriki bilih badhé dipun balangi saking pundi arah, ngantos sadaya budidayanipun boten wonten ingkang angsal damel.

دُحُوْرًا وَّلَهُمْ عَذَابٌ وَّاصِبٌ ۙ ﴿٩﴾

9 Ginusah[2103] sarta padha olèh siksa kang langgeng,

اِلَّا مَنْ خَطِفَ الْخَطْفَةَ فَاَتْبَعَهٗ شِهَابٌ ثَاقِبٌ ﴿١٠﴾

10 Kajaba ana kang (bisa) anggondhol sapisan-sapisan, banjur iki tinututan ing urub kang dumilah anelahi.[2104]

فَاسْتَفْتِهِمْ اَهُمْ اَشَدُّ خَلْقًا اَمْ مَّنْ خَلَقْنَا ؕ اِنَّا خَلَقْنٰهُمْ مِّنْ طِيْنٍ لَّازِبٍ ﴿١١﴾

11 Tumuli padha sira takonana, apa dhèwèké iku luwih kuwat dumadiné *tinimbang liyané* kang wus Ingsun titahaké. Sayekti, dhèwèké iku padha Ingsun titahaké saka lempung kang ketat.[2105]

Ar. *apa-sapa*

بَلْ عَجِبْتَ وَيَسْخَرُوْنَ ۪ ﴿١٢﴾

12 O, balik sira kagawokan, *nanging* dhèwèké padha angguguyu,

Ar. *lan*

وَاِذَا ذُكِّرُوْا لَا يَذْكُرُوْنَ ۪ ﴿١٣﴾

13 Lan samangsa diélingaké, ora padha gelem éling,

وَاِذَا رَاَوْا اٰيَةً يَّسْتَسْخِرُوْنَ ۪ ﴿١٤﴾

14 Lan samangsa padha andeleng tandha yekti padha ajak-ajakan angguguyu,

2103. Ayat punika tuwin ayat-ayat ing sadèrèngipun, nerangaken kawontenanipun para juru-tenung nalika jaman rawuhipun Kanjeng Nabi. Sadèrèngipun Kanjeng Nabi Suci rawuh, saged ugi para juru-tenung wau saged nasaraken tiyang kathah asarana pethèkipun dhateng lalampahan ingkang badhé dhateng. Nanging sasampunipun Kanjeng Nabi rawuh, para juru-tenung wau dipun ujar-ujari saking pundi-pundi arah, boten wonten satunggal kémawon pethèkipun ingkang netes. Utawi, kados déné ingkang kasebutaken wonten ing katrangan ingkang sampun, ingkang dipun karsakaken punika saged ugi ambrukipun mengsah ingkang limrah-limrah (sanès golongan pandhita) punika.

2104. *Khathifa* tegesipun *ambekta anggondhol* utawi *nyamber*, déné *khathfatun* tegesipun *ambekta anggondhol* utawi *nyamber sapisan*. Suraosipun, samangsa satunggaling juru-tenung angsal kalonggaran sanajan namung sapisan thil, boten let dangu mesthi lajeng tinungka ing urub ingkang nratas wonten ing salebeting pepeteng: manawi katembungaken sanès, pepeteng lajeng kasilakaken, mangka kajengipun pun juru-tenung, tiyang badhé katuntun mriku. Urub ingkang nyilakaken pepeteng, tegesipun piweca-piwecanipun Kanjeng Nabi ingkang kalangkung déning kinawasa. Kedah dipun pèngeti bilih *syihâb* punika namung ateges urub (mirsanana LL, tuwin mirsanana 27: 7, ing ngriku kasebutaken Kanjeng Nabi Musa tindak badhé mundhut *syihâb*), déné *tsâqib* tegesipun *ingkang nratas ing salebeting pepeteng* utawi *sumorot anelahi* (LL).

2105. *Lâzib* punika karimbag saking tembung *lazaba*, tegesipun *ketat*, *atos*, *anjendhel* (LL); dados *lâzib* punika tegesipun *ketat* (S, LL), mila inggih kula jarwani makaten punika.

Déné ingkang katitahaken saking lempung ingkang ketat, punika titiyang ingkang sampurna ruhaniyahipun, inggih punika para andika nabi. Ingkang katuju ing ayat punika anggènipun milawani para juru-tenung dhateng Kanjeng Nabi; para juru-tenung wau dipun paringi pèpènget bilih Kanjeng Nabi mesthi badhé menang, jalaran panjenenganipun punika kasampurnakaken astanipun Allah.

15 Sarta padha calathu: Iki ora liya kajaba kemayan kang tétéla:

وَقَالُوٓا۟ إِنْ هَٰذَآ إِلَّا سِحْرٌ مُّبِينٌ ﴿١٥﴾

16 Apa manawa aku wis padha mati sarta wis padha dadi lebu lan balung, apa temenan aku bakal padha ditangèkaké:

أَءِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَعِظَٰمًا أَءِنَّا لَمَبْعُوثُونَ ﴿١٦﴾

Ar. *Utawa*

17 *Mangkono uga* bapak-bapakku biyèn?

أَوَءَابَآؤُنَا ٱلْأَوَّلُونَ ﴿١٧﴾

18 Calathua: Iya! sarta kowé bakal padha asor.[2106]

قُلْ نَعَمْ وَأَنتُمْ دَٰخِرُونَ ﴿١٨﴾

Ut. *ngentèni*

19 Lah iku mung bakal ana panjelih sapisan, lah ing kono dhèwèké bakal padha *weruh*.

فَإِنَّمَا هِىَ زَجْرَةٌ وَٰحِدَةٌ فَإِذَا هُمْ يَنظُرُونَ ﴿١٩﴾

20 Lan bakal padha calathu: O, cilaka awakku! iki dina wawales.

وَقَالُوا۟ يَٰوَيْلَنَا هَٰذَا يَوْمُ ٱلدِّينِ ﴿٢٠﴾

21 Iki dina pancasan kang padha sira gorohaké.

هَٰذَا يَوْمُ ٱلْفَصْلِ ٱلَّذِى كُنتُم بِهِۦ تُكَذِّبُونَ ﴿٢١﴾

RUKU' 2

Pancasan

22-34. Tiyang lepat manggih pidana. 35-39. Kanjeng Nabi Suci sinebut juru-kidung éwah. 40-50. Para angèstu ginanjar. 51-61. Punika sami aningali kancanipun ingkang sami dosa sami wonten ing naraka. 62-68. Tedha sarta ngombénipun para dosa. 69-74. Punika sami boten migatosaken pèpènget.

Ut. *jodhoné*

22 Impunen para kang padha anganiaya dalah para *kancané* sarta apa kang dadi sesembahané.[2107]

ٱحْشُرُوا۟ ٱلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ وَأَزْوَٰجَهُمْ وَمَا كَانُوا۟ يَعْبُدُونَ ﴿٢٢﴾

23 Saliyané Allah, tumuli padha tuntunen marang dadalaning naraka.

مِن دُونِ ٱللَّهِ فَٱهْدُوهُمْ إِلَىٰ صِرَٰطِ ٱلْجَحِيمِ ﴿٢٣﴾

2106. Terangipun, kowé ora mung bakal tinangèkaké ing sawisé mati baé, perlu ngrasakaké wohing panggawému kang ala, nanging nadyan ing kéné uga kowé bakal dadi asor.

2107. Nadyan gambaring apesipun para ingkang sami atindak dédé kados ingkang katerangaken ing ayat punika tuwin ing ayat-ayat candhakipun punika tumrap bénjing ing gesang sasampuning pejah. Éwadéné gagambaran wau ugi cocog kaliyan kawontenanipun para titiyang wau ing gesang sapunika punika.

24 Padha endhegna, amarga bakal padha tinakonan.

وَقِفُوهُمْ إِنَّهُم مَّسْـُٔولُونَ ﴿٢٤﴾

25 Apa karanané déné kowé ora padha tulung-tinulung?

مَا لَكُمْ لَا تَنَاصَرُونَ ﴿٢٥﴾

26 O, lah! ing dina iku dhèwèké bakal padha sumarah.

بَلْ هُمُ ٱلْيَوْمَ مُسْتَسْلِمُونَ ﴿٢٦﴾

27 Lan dhèwèké kang sawenèh bakal mara marang sawenèhé padha takon-tinakon.

وَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ يَتَسَآءَلُونَ ﴿٢٧﴾

28 Padha calathu: Sayekti kowé iku adaté padha anekani aku saka ing sisih tengen.

قَالُوٓا۟ إِنَّكُمْ كُنتُمْ تَأْتُونَنَا عَنِ ٱلْيَمِينِ ﴿٢٨﴾

29 Bakal padha calathu: O, balik kowé (dhéwé) iku padha dudu wong angèstu:

قَالُوا۟ بَل لَّمْ تَكُونُوا۟ مُؤْمِنِينَ ﴿٢٩﴾

30 Lan aku ora duwé kawasa tumrap marang kowé, ananging kowé iku kaum kang andaluya:

وَمَا كَانَ لَنَا عَلَيْكُم مِّن سُلْطَٰنٍۭ ۖ بَلْ كُنتُمْ قَوْمًا طَٰغِينَ ﴿٣٠﴾

31 Mulané sabda-pancasaning Pangéranku katetep anibani aku: sayekti aku (saiki) bakal padha angrasakaké (pidana).

فَحَقَّ عَلَيْنَا قَوْلُ رَبِّنَآ ۖ إِنَّا لَذَآئِقُونَ ﴿٣١﴾

32 Mulané aku padha anasaraké kowé, amarga aku dhéwé iya padha sasar.

فَأَغْوَيْنَٰكُمْ إِنَّا كُنَّا غَٰوِينَ ﴿٣٢﴾

33 Mulané ing dina iku dhèwèké padha dadi patungan andum siksa.

فَإِنَّهُمْ يَوْمَئِذٍ فِى ٱلْعَذَابِ مُشْتَرِكُونَ ﴿٣٣﴾

34 Sayekti kaya mangkono iku anggon-Ingsun tumindak marang para wong luput.

إِنَّا كَذَٰلِكَ نَفْعَلُ بِٱلْمُجْرِمِينَ ﴿٣٤﴾

35 Sayekti dhèwèké iku samangsa padha dicalathoni: Ora ana sesembahan kajaba Allah, mesthi padha gumedhé:

إِنَّهُمْ كَانُوٓا۟ إِذَا قِيلَ لَهُمْ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱللَّهُ يَسْتَكْبِرُونَ ﴿٣٥﴾

36 Sarta padha calathu: Apa aku iki dikon padha ninggal temenan sesembahanku, akarana (nurut karepé) juru-Kidung édan?	وَيَقُولُونَ أَئِنَّا لَتَارِكُوا آلِهَتِنَا لِشَاعِرٍ مَّجْنُونٍ ﴿٣٦﴾
37 O, balik dhèwèké iku wus teka kalawan kasunyatan sarta ambenerakė para utusan.[2108]	بَلْ جَاءَ بِالْحَقِّ وَصَدَّقَ الْمُرْسَلِينَ ﴿٣٧﴾
38 Sayekti kowé temen bakal padha angrasakaké siksa kang nglarani.	إِنَّكُمْ لَذَائِقُو الْعَذَابِ الْأَلِيمِ ﴿٣٨﴾
39 Lan kowé ora bakal padha dipituwasi kajaba apa kang wus padha kolakoni.	وَمَا تُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٣٩﴾
40 Kajaba para kawulaning Allah, para sinuci.	إِلَّا عِبَادَ اللَّهِ الْمُخْلَصِينَ ﴿٤٠﴾
41 Iki padha olèh rijeki kang wus kinawruhan,[2109]	أُولَٰئِكَ لَهُمْ رِزْقٌ مَّعْلُومٌ ﴿٤١﴾
42 Wowohan, sarta bakal padha dimulyakaké banget,	فَوَاكِهُ ۖ وَهُم مُّكْرَمُونَ ﴿٤٢﴾
43 Ing patamanan kabungahan.	فِي جَنَّاتِ النَّعِيمِ ﴿٤٣﴾
44 (Lungguh) ing dhampar, padha adhep-adhepan.	عَلَىٰ سُرُرٍ مُّتَقَابِلِينَ ﴿٤٤﴾
45 Padha linarihan gelas (isi banyu) saka ing sumber-sumber.	يُطَافُ عَلَيْهِم بِكَأْسٍ مِّن مَّعِينٍ ﴿٤٥﴾
46 Putih, mirasa tumrap wong kang padha ngombé.	بَيْضَاءَ لَذَّةٍ لِّلشَّارِبِينَ ﴿٤٦﴾

2108. Sajagad angakeni bilih surat punika kagolong wahyu jaman wiwitan, akhir-akhiripun nalika taun ingkang kaping sakawan saking anggènipun Kanjeng Nabi tetep dados utusan tumurunipun. Ing dhawuh ngriki ugi wonten pratélan ingkang terang gamblang, bilih kautusipun Kanjeng Nabi punika dumunung anjangkepi wahananing piweca ing kina.

2109. Tembung *ma'lum* (*kinawruhan*) punika kedah dipun pèngeti ingkang prémati jalaran punika anedahaken bilih rizki ingkang kasebutaken ing ayat-ayat candhakipun, punika rizki ingkang sampun kasumerepan kawulaning Allah ingkang sinucèkaken saking sawarnining rereged. Katrangan nugraha punika anedahaken kalayan terang bilih nugraha wau sadaya kalayan sacara ruhani sampun dipun icipi para tulus wonten ing gesang sapunika punika. Menggah ing sajatos-jatosipun, anggènipun katerangaken wonten ing ayat sambetipun manawi punika *wowohan*, punika nedahaken kalayan terang bilih nugraha wau wohing pandamelipun ingkang saé.

47 Ing kono ora bakal ana riribed sarta ora bakal padha dadi lesah amarga saka iku.[2109A]

لَا فِيهَا غَوْلٌ وَّلَا هُمْ عَنْهَا يُنْزَفُوْنَ ﴿٤٧﴾

48 Lan ing kono ana para kang padha amekak pandelengé, mripaté padha éndah-éndah.

وَعِنْدَهُمْ قٰصِرٰتُ الطَّرْفِ عِيْنٌ ﴿٤٨﴾

49 Kaya déné endhog kang rineksa kalawan becik.[2110]

كَاَنَّهُنَّ بَيْضٌ مَّكْنُوْنٌ ﴿٤٩﴾

50 Tumuli kang sawenèh bakal mara marang sawenèhé, atakontinakon.

فَاَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلٰى بَعْضٍ يَّتَسَآءَلُوْنَ ﴿٥٠﴾

51 Sawenèhing wong kang padha calathu bakal angucap: Temenan, aku biyèn duwé konco,

قَالَ قَآئِلٌ مِّنْهُمْ اِنِّىْ كَانَ لِىْ قَرِيْنٌ ﴿٥١﴾

52 Kang calathu: Apa temenan kowé iku panunggalané wong kang padha *angarepi* (kasunyatan)?

Ar. *anemenaké*

يَّقُوْلُ اَئِنَّكَ لَمِنَ الْمُصَدِّقِيْنَ ﴿٥٢﴾

53 Apa samangsa aku wis padha mati, sarta wis dadi lebu lan balung, apa iya temenan aku bakal padha diajokaké marang pangadilan?

ءَاِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَّعِظَامًا ءَاِنَّا لَمَدِيْنُوْنَ ﴿٥٣﴾

2109A. Gagambaran punika sadaya sampun mratélakaken, bilih nugraha ingkang kapangandikakaken wau sadaya, sanès nugraha wadhag kados barang-barang ing donya punika, nanging nugraha ruhani. Ombèn-ombèn ing gesang sapunika tarkadhang sok damel ribed dhateng manusa, kadosta sok damel lesah, nanging boten makaten ombèn-ombèn gesang ing bénjing. Namanipun sami, nanging kawontenanipun ingkang sajatos, satunggal lan satunggalipun boten sami.

2110. Gagambaranipun tiyang èstri ingkang kasebutaken ing ngriki punika, andumuk dhadhapukanipun ingkang baku sifatipun tiyang èstri ingkang tulus. Sapisan, kasebutaken: sami mekak mripatipun. Punika ateges suka pémut, bilih katulusanipun èstri ingkang wigatos piyambak, punika gesang suci, inggih punika ingkang wonten ing ngriki kasebut mekak mripatipun, liripun mripat ingkang resik saking pepénginan asor. Lajeng kaéndahaning mripatipun ingalembana; punika terang angisarahi bilih kasucianipun mripat, punika adamel éndahipun mripat, utawi kaéndahanipun mripat ingkang sajatos, punika dumunung wonten ing kasucianipun. Kaping kalih, kasebutaken: kados déné tigan ingkang rinumat kalayan saé punika ngisarahi sifatipun ingkang suci-mulus boten kalèpètan ing jejember. Nanging inggih kedah dipun pèngeti, bilih sanajan katingalipun punika katrangan gagambaranipun tiyang èstri, nanging menggah ing sajatos-jatosipun punika gagambaraning wohing pandamel ingkang katindakaken wonten ing gesang sapunika punika, awit tetembunganipun wau pancèn kéngang-kénging kanggé nembungaken kakalihipun pisan (mirsanana tembung *hur* ing 2356) sarta menggah ing sajatos-jatosipun punika nugraha ruhani ingkang binabar wadhag. Wonten ing pundi kémawon Quran boten naté mangandikakaken, bilih ing gesang sasampuning pejah taksih tumindhak wonten sasambetaning tiyang sésémahan. Nugraha ingkang kajanjèkaken Quran, nadyan kados punapa kémawon kawontenanipun, punika kanggé tiyang jaler lan inggih kanggé tiyang èstri. Saprakawis

54 Dhèwèké bakal calathu: Apa kowé padha gelem ngungak mangisor?

قَالَ هَلْ أَنتُم مُّطَّلِعُونَ ﴿٥٤﴾

55 Tumuli dhèwèké ngungak mangisor, banjur weruh dhèwèké ana ing tengahing naraka.

فَاطَّلَعَ فَرَآهُ فِي سَوَاءِ الْجَحِيمِ ﴿٥٥﴾

56 Bakal calathu: Dhemi Allah! mèh baé kowé anjalari rusakku:

قَالَ تَاللَّهِ إِن كِدتَّ لَتُرْدِينِ ﴿٥٦﴾

57 Lan saupama ora ana nugrahané Pangéranku, amasthi aku iki bakal dadi panunggalané para kang padha diandhèraké (marang pasiksan).

وَلَوْلَا نِعْمَةُ رَبِّي لَكُنتُ مِنَ الْمُحْضَرِينَ ﴿٥٧﴾

58 Lah apa ta aku ora bakal padha mati,

أَفَمَا نَحْنُ بِمَيِّتِينَ ﴿٥٨﴾

59 Kajabané matiku biyèn? Lan apa aku ora bakal padha disiksa?

إِلَّا مَوْتَتَنَا الْأُولَىٰ وَمَا نَحْنُ بِمُعَذَّبِينَ ﴿٥٩﴾

60 Sayekti iki temen kabegjan kang gedhé.

إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ ﴿٦٠﴾

61 Mulané para kang tumandang gawé padha tandanga gawé akarana papadhané iki.

لِمِثْلِ هَٰذَا فَلْيَعْمَلِ الْعَامِلُونَ ﴿٦١﴾

62 Apa iki (kang) luwih becik minangka susuguh, apa wit Zaqqum?[2111]

أَذَٰلِكَ خَيْرٌ نُّزُلًا أَمْ شَجَرَةُ الزَّقُّومِ ﴿٦٢﴾

---

ingkang sampun terang, inggih punika: kawontenanipun nugraha wau béda kaliyan kawontenanipun nugraha wadhag ing gesang sapunika punika. Mirsanana ugi 2148A.

2111. Miturut Bd, *zaqqûm* punika *sawenèh taneman ingkang ronipun ciyut-ciyut, gandhanipun boten éca lan pait, pinanggih wonten ing Tihamah.* TA anggènipun nerangaken radi sawatawis panjang: "AH nerangaken mawi awawaton katranganipun satunggaling tiyang Arab ing saganten wedhi, bilih *zaqqûm* punika *taneman ingkang werninipun kados lebu, ronipun bunder alit-alit tanpa wonten erinipun. Ambetipun boten éca sarta pait raosipun, tuwin witipun wonten socanipun .... gaganging ron-roniprn ruwet sanget* (LL). Nanging kapèngetana bilih *zaqqûm* punika ugi ateges *sadhéngah tetedhan ingkang saged mejahi* (TAI, TH-LL). *Zaqqûm* ugi ateges *martéga tulèn (tanpa sarem) kaliyan kurma*. Kacariyos Abu Jah, naté anggugujeng *zaqqûm* dados tetedhanipun tiyang ing naraka, sarana nyuguh martéga tulèn kaliyan kurma dhateng para sesepuh Quraisy, sarwi wicanten, bilih miturut Kanjeng Nabi Suci, kados makaten punika calon tedhanipun tiyang ingkang wonten ing naraka. Milanipun ing ayat candhakipun, *zaqqûm* wau winastan cobi tumrap para atindak dédé. Nanging mirsanana ugi 1442.

63 Sayekti anggon-Ingsun agawé iki, iku minangka coba tumrap
a. 1442 para kang atindak dudu.[a]

إِنَّا جَعَلْنَاهَا فِتْنَةً لِّلظَّالِمِينَ ﴿٦٣﴾

64 Sayekti, iku wit kang tuwuh ana ing dhasaring naraka.

إِنَّهَا شَجَرَةٌ تَخْرُجُ فِي أَصْلِ الْجَحِيمِ ﴿٦٤﴾

Ut. *Wohé* 65 *Mayangé*, iku kaya endhasing ula.[2112]

طَلْعُهَا كَأَنَّهُ رُءُوسُ الشَّيَاطِينِ ﴿٦٥﴾

66 Lah sayekti dhèwèké temen bakal padha mangan iku sarta angisèni weteng(é) sarana iku.

فَإِنَّهُمْ لَآكِلُونَ مِنْهَا فَمَالِئُونَ مِنْهَا الْبُطُونَ ﴿٦٦﴾

67 Tumuli sawisé iku, sayekti dhèwèké temen bakal padha diombèni wédang umob cacampuran.

ثُمَّ إِنَّ لَهُمْ عَلَيْهَا لَشَوْبًا مِّنْ حَمِيمٍ ﴿٦٧﴾

68 Tumuli, sayekti enggon bakal baliné temen marang naraka.[2113]

ثُمَّ إِنَّ مَرْجِعَهُمْ لَإِلَى الْجَحِيمِ ﴿٦٨﴾

69 Sayekti dhèwèké iku padha
Ar. *nemu* *manoni* bapak-bapakné padha sasar.

إِنَّهُمْ أَلْفَوْا آبَاءَهُمْ ضَالِّينَ ﴿٦٩﴾

70 Lan dhèwèké padha ginelak (ngluluri) ing tapak tilasing sikilé.

فَهُمْ عَلَىٰ آثَارِهِمْ يُهْرَعُونَ ﴿٧٠﴾

71 Lan sayekti temen, wong kuna ing sadurungé dhèwèké, sing akèh padha sasar.

وَلَقَدْ ضَلَّ قَبْلَهُمْ أَكْثَرُ الْأَوَّلِينَ ﴿٧١﴾

72 Lan sayekti, temen Ingsun wus angutus para juru-pépéling
Ar. *dhèwèké* ana ing *kono*.

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا فِيهِمْ مُّنذِرِينَ ﴿٧٢﴾

2112. Werdinipun ingkang leres tembung رُءُوسُ الشَّيَاطِينِ punika kados jarwan ing nginggil, awit bangsa Arab *syaithân* punika kanggé namakaken *satunggaling jinis sawer ingkang gadhah wulu ing githok, sirah lan rainipun awon sanget*. Sanèsipun malih mastani *syaithân* punika namanipun sawenèh taneman ingkang awon sanget rupinipun (TA-LL).

2113. Dhawuh ingkang mungel: *tumuli, sayekti enggon bakat baliné temen marang naraka*, punika mengku teges ingkang wigatos, kados-kados tetedhan lan ombèn-ombèn ingkang katerangaken ing nginggil wau anggènipun kaparingaken dhateng para titiyang wau sadèrèngipun sami lumebet dhateng naraka. Lah inggih punika sababipun déné tetedhan lan ombèn wau kasebut susuguh. Menggah ing sajatos-jatosipun, punika gambaring pandamelipun ingkang awon, sami ugi, ingkang pinanggih ing gesang sapunika punika tuwin ingkang pinanggih ing akhirat. Dados punika ngiyataken katrangan ing 1442.

73 Mara delengan, kapriyé wusanané para kang wus padha dipépélingi,

فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُنْذَرِينَ ﴿٧٣﴾

74 Kajaba para kawulaning Allah, para sinuci.

إِلَّا عِبَادَ اللَّهِ الْمُخْلَصِينَ ﴿٧٤﴾

RUKU' 3

Wasitanipun Kanjeng Nabi Nuh lan Kanjeng Nabi Ibrahim

75-82. Kanjeng Nabi Nuh dipun wilujengaken sarta mengsahipun lebur. 83-96. Kanjeng Nabi ambantah dhateng panembah brahala. 97-99. Panjenenganipun dipun wilujengaken saking mengsah. 100-111. Anggènipun angurbanaken Kanjeng Nabi Ismail. 112, 113. Panjenenganipun binarkahan, akaliyan putra sanésipun inggih punika Kanjeng Nabi Ishaq.

75 Lan sayekti temen Nuh wus anguwuh marang Ingsun, lan Ingsun iki Ingkang-nyembadani panyuwun kang mahaluwih.

وَلَقَدْ نَادَانَا نُوحٌ فَلَنِعْمَ الْمُجِيبُونَ ﴿٧٥﴾

a. 902

76 Lan Ingsun wus anylametaké dhèwèké sapandhèrèké saka kasangsaran gedhé.[a]

وَنَجَّيْنَاهُ وَأَهْلَهُ مِنَ الْكَرْبِ الْعَظِيمِ ﴿٧٦﴾

77 Sarta turuné padha Ingsun dadèkaké lestari isih.

وَجَعَلْنَا ذُرِّيَّتَهُ هُمُ الْبَاقِينَ ﴿٧٧﴾

78 Sarta Ingsun anglastarèkaké (pangaji-aji) tumrap marang dhèwèké ing sajroning bangsa kang kari-kari.

وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِي الْآخِرِينَ ﴿٧٨﴾

Ut. *umat*

79 Rahayu tumrapa marang Nuh ing dalem sakèhing *ngalam*.

سَلَامٌ عَلَىٰ نُوحٍ فِي الْعَالَمِينَ ﴿٧٩﴾

80 Sayekti kaya mangkono iku anggon-Ingsun angganjar para kang agawé becik.

إِنَّا كَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ﴿٨٠﴾

81 Sayekti dhèwèké iku sawenèhing para Kawula-Ningsun para angèstu.

إِنَّهُ مِنْ عِبَادِنَا الْمُؤْمِنِينَ ﴿٨١﴾

82 Tumuli Ingsun angelem liyaliyané.

ثُمَّ أَغْرَقْنَا الْآخَرِينَ ﴿٨٢﴾

وَإِنَّ مِن شِيعَتِهِۦ لَإِبْرَٰهِيمَ ﴿٨٣﴾

(i.p. *Nabi Nuh)*

83 Lan sayekti, temen sawenèhing golongané *dhèwèké* iku yaiku Ibrahim.

إِذْ جَآءَ رَبَّهُۥ بِقَلْبٍ سَلِيمٍ ﴿٨٤﴾

84 Nalika dhèwèké marek Pangérané kalawan ati kang slamet.

إِذْ قَالَ لِأَبِيهِ وَقَوْمِهِۦ مَاذَا تَعْبُدُونَ ﴿٨٥﴾

85 Nalika dhèwèké acalathu marang tutuwané sarta kaumé: Sami manembah punapa sampéyan:

أَئِفْكًا ءَالِهَةً دُونَ ٱللَّهِ تُرِيدُونَ ﴿٨٦﴾

86 Punapa panggorohan-sesembahan, sanésipun Allah – ingkang sami sampéyan kajengaken?

فَمَا ظَنُّكُم بِرَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٨٧﴾

87 Lah kados pundi panginten sampéyan prakawis Pangéraning sadaya ngalam?

فَنَظَرَ نَظْرَةً فِى ٱلنُّجُومِ ﴿٨٨﴾

88 Tumuli dhèwèké anyawang marang lintang-lintang, mandeng sapandurat.

فَقَالَ إِنِّى سَقِيمٌ ﴿٨٩﴾

Ar. *sakit*

89 Banjur calathu: Saèstu kula punika *sedhih* (angraosaken anggèn sampéyan manembah dhateng punika).[2114]

فَتَوَلَّوْا۟ عَنْهُ مُدْبِرِينَ ﴿٩٠﴾

Ar. *dhèwèké*

90 Banjur dhèwèké padha lunga saka ing *kono*, mundur (palarasan).

فَرَاغَ إِلَىٰٓ ءَالِهَتِهِمْ فَقَالَ أَلَا تَأْكُلُونَ ﴿٩١﴾

(i.p.*Kanjeng Nabi Ibrahim*)
(i.p. *kaumipun)*

91 Banjur *dhèwèké* kalawan dhedhelikan mara marang sesembahan-sesembahané, tumuli calathu: Yagéné kowé ora padha mangan?[2115]

2114. Titiyang ingkang dipun bantah Kanjeng Nabi Ibrahim, punika boten namung manembah brahala kémawon, nanging ugi tukang nembah lintang-lintang. Milanipun Kanjeng Nabi Ibrahim mawi tumenga mirsani lintang-lintang tuwin ngandika bilih panjenenganipun boten kiyat ngampah sekeling panggalihipun manawi para titiyang wau sami manembah dhateng barang sanèsipun Allah. LL nerangaken salah satunggaling katranganipun tembung انى سقيم awawaton katranganipun TA, makaten: *Kula sakit* (*ningali*) *anggèn sampéyan nembah barang sanèsipun Pangéran*. Nanging tiyang ingkang ngendhem pemanahan dhateng tiyang sanès, punika ugi katembungaken *saqîm*. Kadosta ukara: هو سقيم الصدر عليه jawinipun *dhèwèké ngendhem sedhih marang dhèwèké* (TA-LL).

2115. *Fa* ing ngriki boten anedahaken bilih anggènipun tindak murugi sesembahan-sesembahaning

92 Apa nalaré dhéné kowé ora padha calathu?

مَا لَكُمْ لَا تَنطِقُونَ ﴿٩٢﴾

93 Banjur dhèwèké kalawan dhedhelikan anyedhaki iku, padha dikepruki kalawan tangan tengen.

فَرَاغَ عَلَيْهِمْ ضَرْبًا بِالْيَمِينِ ﴿٩٣﴾

Ar. *dhèwèké*

94 *Kaumé* banjur padha anyedhaki dhèwèké agagancangan.

فَأَقْبَلُوا إِلَيْهِ يَزِفُّونَ ﴿٩٤﴾

95 Dhèwèké calathu: Punapa sampéyan sami manembah barang tatahan sampéyan?

قَالَ أَتَعْبُدُونَ مَا تَنْحِتُونَ ﴿٩٥﴾

96 Lan Allah punika ingkang nitahaken sampéyan sarta barang ingkang sampéyan damel.

وَاللَّهُ خَلَقَكُمْ وَمَا تَعْمَلُونَ ﴿٩٦﴾

97 Dhèwèké padha calathu: Padha angyasakna omah dhèwèké banjur dhèwèké cemplungna ing geni murub.

قَالُوا ابْنُوا لَهُ بُنْيَانًا فَأَلْقُوهُ فِي الْجَحِيمِ ﴿٩٧﴾

a. 965

98 Lah kang padha dikarepaké perang[a] karo dhèwèké, ananging padha Ingsun dadèkaké asor.

فَأَرَادُوا بِهِ كَيْدًا فَجَعَلْنَاهُمُ الْأَسْفَلِينَ ﴿٩٨﴾

99 Lan dhèwèké calathu: Saèstu kula angungsi dhateng Pangéran kula: Panjenenganipun badhé anuntun kula:

وَقَالَ إِنِّي ذَاهِبٌ إِلَىٰ رَبِّي سَيَهْدِينِ ﴿٩٩﴾

100 Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing (anak) dhateng kawula, ingkang kagolongan para tulus.

رَبِّ هَبْ لِي مِنَ الصَّالِحِينَ ﴿١٠٠﴾

101 Banjur dhèwèké Ingsun paringi warta bubungah, yaiku anak lanang kang lembah-manah.

فَبَشَّرْنَاهُ بِغُلَامٍ حَلِيمٍ ﴿١٠١﴾

---

umatipun punika tumunten kémawon ing sasampunipun katilar déning umatipun wau. Lalampahan punika sampun béda malih.

102 Bareng iki wus tumeka (umur bisa) angréwangi nyambut gawé dhèwèké, dhèwèké calathu: O, anakku! sayekti aku andheleng sajroning pangimpèn, yèn aku angurbanaké kowé;[2116] mulané mikir-mikira, kapriyé panemumu. Calathuné: Dhuh, rama! kula aturi nindakaken punapa ingkang kadhawuhaken ing panjenengané, manawi Allah angarsakaken, panjenengan badhé *uninga* (bilih) kula punika panunggilipun para tiyang sabar.

Ar. *manggih*

فَلَمَّا بَلَغَ مَعَهُ السَّعْيَ قَالَ يٰبُنَيَّ إِنِّيٓ أَرٰى فِي الْمَنَامِ أَنِّيٓ أَذْبَحُكَ فَانْظُرْ مَاذَا تَرٰى ۚ قَالَ يٰٓأَبَتِ افْعَلْ مَا تُؤْمَرُ ۖ سَتَجِدُنِيٓ إِنْ شَآءَ اللّٰهُ مِنَ الصّٰبِرِيْنَ ﴿١٠٢﴾

103 Bareng sakaroné wis padha sumarah sarta dhèwèké wus amapanaké *anaké* kumureb,

Ar. *dhèwèké*

فَلَمَّآ أَسْلَمَا وَتَلَّهُ لِلْجَبِيْنِ ﴿١٠٣﴾

104 Lan Ingsun anguwuh dhèwèké, pangandika-Ningsun: O, Ibrahim!

وَنَادَيْنٰهُ أَنْ يّٰٓإِبْرٰهِيْمُ ﴿١٠٤﴾

105 Sayekti sira wus amituhokaké wewedhar(-Ingsun sajroning) luyut(-ira); sayekti kaya mangkono iku pangganjar-Ingsun para wong atindak becik:

قَدْ صَدَّقْتَ الرُّءْيَا ۚ إِنَّا كَذٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِيْنَ ﴿١٠٥﴾

106 Sayekti iki temen coba kang tétéla.

إِنَّ هٰذَا لَهُوَ الْبَلٰٓؤُا الْمُبِيْنُ ﴿١٠٦﴾

107 Lan dhèwèké Ingsun tebusi kalawan *kurban* kang agung.[2117]

Ut. *belèhan*

وَفَدَيْنٰهُ بِذِبْحٍ عَظِيْمٍ ﴿١٠٧﴾

2116. Ambok manawi kémawon supenanipun Kanjeng Nabi Ibrahim punika mengku suraos, bilih Kanjeng Nabi Isma'il badhé dipun kurbanaken sarana kawedalaken saking dalemipun tuwin katilar wonten ing tanah ngamanca. Laré ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika terang manawi Isma'il, sanès Ishaq; bab punika katerangaken ing ayat 112. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih punika nyengkah katranganipun Bébel. Turun Isma'il saben taun mèngeti kurban punika, sarana ngibadah haji ingkang dipun wontenaken saben taun ing Makkah, punika anedahaken kalayan terang, bilih punika ingkang kadhawuhaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim supados dipun kurbanaken punika Kanjeng Nabi Isma'il, sanès Kanjeng Nabi Ishaq. Salah satunggaling maksudipun kurban wau ugi sampun dipun jangkepi Kanjeng Nabi Ibrahim, inggih punika sarana nilar Kanjeng Nabi Isma'il wonten ing nagari manca, cocog kaliyan karsanipun ingkang garwa, Sarah.

2117. Kurban manusa, ingkang limrah katindakaken bangsa-bangsa ing jaman kina ingkang kathah-kathah, punika wonten ing antawisipun bangsa Khaldea ugi kacara. Malah ing antawisipun

108 Lan Ingsun anglastarèkaké (pangalembana) tumrap marang dhèwèké ing antarané para (umat) kang kari-kari.

وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِي الْآخِرِينَ ﴿١٠٨﴾

109 Rahayu tumrapé marang Ibrahim.

سَلَامٌ عَلَىٰ إِبْرَاهِيمَ ﴿١٠٩﴾

110 Kaya mangkono panggan-jar-Ingsun para wong atindak becik.

كَذَٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ﴿١١٠﴾

111 Sayekti dhèwèké iku sawe-nèhing para kawula-Ningsun para mukmin.

إِنَّهُ مِنْ عِبَادِنَا الْمُؤْمِنِينَ ﴿١١١﴾

112 Lan dhèwèké Ingsun pa-ringi warta bubungah, *yaiku* Ishaq;[2118] sawijining nabi panung-galaning para tulus.

وَبَشَّرْنَاهُ بِإِسْحَاقَ نَبِيًّا مِنَ الصَّالِحِينَ ﴿١١٢﴾

113 Lan Ingsun ambarkahi marang dhèwèké sarta marang Ishaq;[2118] lan sawenèhing turuné sakaroné ana kang padha atindak becik sarta (uga) ana kang padha atindak dudu kang tétéla marang jiwané dhéwé.

وَبَارَكْنَا عَلَيْهِ وَعَلَىٰ إِسْحَاقَ ۚ وَمِنْ ذُرِّيَّتِهِمَا مُحْسِنٌ وَظَالِمٌ لِنَفْسِهِ مُبِينٌ ﴿١١٣﴾

bangsa ingkang nganggé agami Hindu, kurban manusa wau lastantun dipun wontenaken, ngantos ing wekdal ingkang dèrèng dangu énggal mangké saweg kasuwak. Kanjeng Nabi Ibrahim supena ngurbanaken ingkang putra, lajeng samekta badhé anindakaken saèstu kalayan walaka, sarta ingkang wasananipun kadhawuhan déning Pangéran supados kurban kéwan minangka gentosipun, punika mengku seja nyuwak tatacara kurban manusa ingkang biadab punika. Tatacara biadab wau saged ugi tuwuhipun margi saking kalèntuning panampi, saèmper kados déné lekasipun Kanjeng Nabi Ibrahim wau Kanjeng Nabi Isma'il badhé kakurbanaken saèstu, sampuna lajeng ketututan dhawuhing Pangéran dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim, ingkang andhawuhaken supados kurban kèwan minangka gentosipun. Lekasipun Kanjeng Nabi Ibrahim punika, pranyata sampun saged anyirnakaken tatacara kurban manusa wonten ing antawisipun bangsa pinten-pinten, sarta ing dinten sapunika punika, sepalihing jagad langkung, kepotangan ageng dhateng lalabuhanipun Kanjeng Nabi lbrahim ingkang tulus, tepa-tuladhanipun ingkang mulya, nyirnakaken tatacara ingkang biadab wau.

2118. Ing ngriki ingkang kapangandikakaken namung Kanjeng Nabi Ibrahim, Kanjeng Nabi Ishaq tuwin turunipun Nabi kakalih punika. Kanjeng Nabi Isma'il boten kasebutaken piyambak; punika kanggé anedahaken, bilih samangsa Quran mangandikakaken turunipun Kanjeng Nabi Ibrahim ingkang dipun karsakaken mesthi Kanjeng Nabi Isma'il wau tuwin turun-turunipun. Déné turunipun Kanjeng Nabi Ibrahim cawang sanèsipun malih, kawengku wonten ing turunipun Kanjeng Nabi Ishaq.

RUKU' 4

Nabi Musa, Ilyas lan Luth

114-122. Kanjeng Nabi Musa lan Harun dipun wilujengaken sarta para mengsahipun sami lebur. 123-132. Nabi Ilyas dipun wilujengaken. 133-138. Nabi Luth dipun wilujengaken sarta mengsahipun sami lebur.

114 Lan sayekti temen-temen Ingsun wus aparing nugraha marang Musa lan Harun.

وَلَقَدْ مَنَنَّا عَلٰى مُوْسٰى وَهٰرُوْنَ ﴿١١٤﴾

115 Sarta Ingsun nyalametaké sakaroné dalah kaumé saka kasusahan gedhé.

وَنَجَّيْنٰهُمَا وَقَوْمَهُمَا مِنَ الْكَرْبِ الْعَظِيْمِ ﴿١١٥﴾

Ar. *dhèwèké* 116 Lan *iku* padha Ingsun pitulungi, mulané dhèwèké padha dadi wong kang menang.

وَنَصَرْنٰهُمْ فَكَانُوْا هُمُ الْغٰلِبِيْنَ ﴿١١٦﴾

117 Sarta sakaroné padha Ingsun paringi Kitab kang anyethakaké (barang-barang).

وَاٰتَيْنٰهُمَا الْكِتٰبَ الْمُسْتَبِيْنَ ﴿١١٧﴾

118 Sarta sakaroné padha Ingsun tuntun ing dalan kang bener.

وَهَدَيْنٰهُمَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيْمَ ﴿١١٨﴾

119 Lan Ingsun anglastarèkaké (pangalembana) tumrap marang sakaroné ing antarané para (umat) kang kari-kari.

وَتَرَكْنَا عَلَيْهِمَا فِى الْاٰخِرِيْنَ ﴿١١٩﴾

120 Rahayu tumrapa marang Musa lan Harun.

سَلٰمٌ عَلٰى مُوْسٰى وَهٰرُوْنَ ﴿١٢٠﴾

121 Sayekti kaya mangkono pangganjar-Ingsun para wong atindak becik.

اِنَّا كَذٰلِكَ نَجْزِى الْمُحْسِنِيْنَ ﴿١٢١﴾

122 Sayekti sakaroné iku sawenèhing para kawula-Ningsun para mukmin.

اِنَّهُمَا مِنْ عِبَادِنَا الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿١٢٢﴾

123 Lan sayekti Ilyas iku temen sawenèhing para utusan.

وَاِنَّ اِلْيَاسَ لَمِنَ الْمُرْسَلِيْنَ ﴿١٢٣﴾

124 Nalika dhèwèké acalathu marang kaumé: Apa kowé ora padha anjaga dhirimu (saka ing ala):

إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِۦٓ أَلَا تَتَّقُونَ ١٢٤

Ut. *manembah*

125 Yagéné kowé padha *anguwuh* Ba'l[2119] sarta anyingkur Becik-beciké para kang padha andadèkaké,

أَتَدْعُونَ بَعْلًا وَتَذَرُونَ أَحْسَنَ الْخَالِقِينَ ١٢٥

126 Allah, Pangéranmu sarta Pangérané bapak-bapakmu ing kuna?

اللّٰهَ رَبَّكُمْ وَرَبَّ اٰبَآئِكُمُ الْاَوَّلِينَ ١٢٦

127 Ananging (kaumé) padha anggorohaké dhèwèké; mulané sayekti temen bakal padha diladèkaké (anampi pidana).

فَكَذَّبُوهُ فَإِنَّهُمْ لَمُحْضَرُونَ ١٢٧

128 Ananging para kawulaning Allah kang sinucèkaké iku ora.

إِلَّا عِبَادَ اللّٰهِ الْمُخْلَصِينَ ١٢٨

129 Lan Ingsun anglastarèkaké (pangalembana) tumrap marang dhèwèké ing antarané para (umat) kang kari-kari.

وَتَرَكْنَا عَلَيْهِ فِي الْاٰخِرِينَ ١٢٩

130 Rahayu tumrapé marang Ilyas.[2120]

سَلٰمٌ عَلٰٓى إِلْ يَاسِينَ ١٣٠

131 Sayekti, kaya mangkono pangganjar-Ingsun para wong atindak becik.

إِنَّا كَذٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِينَ ١٣١

132 Sayekti, dhèwèké iku sawenèhing para kawula-Ningsun para mukmin.

إِنَّهُ مِنْ عِبَادِنَا الْمُؤْمِنِينَ ١٣٢

133 Lan sayekti, Luth iku temen sawenèhing para utusan.

وَإِنَّ لُوطًا لَّمِنَ الْمُرْسَلِينَ ١٣٣

2119. Ba'l punika surya, utawi sesembahan-surya.

2120. *Ilyâsin* punika rimbaganipun sanès nama *Ilyâs*, boten prabéda kados déné *Idrîsîn* utawi *Idrasîn* punika rimbaganipun sanès nama *Idrîs* (Kf). Kasebutaken wonten ing 6: 86 bilih Ilyas punika nabi. Sawenèh mufassir gadhah pamanggih bilih Idris lan Ilyas punika namanipun nabi satunggal. Nanging, kados déné ingkang sampun kula terangahen wonten ing 1533, Idris wonten ing Quran Suci, punika saminipun manawi wonten ing Bébel Enoh, déné Ilyas sami kaliyan Eliyah.

134 Nalikané Ingsun nyalametaké dhèwèké sapandhèrèké, kabèh.

إِذْ نَجَّيْنَٰهُ وَأَهْلَهُۥٓ أَجْمَعِينَ ۝١٣٤

135 Kajaba wong wadon tuwa siji, (iku) kalebu wong kang padha
a. 11: 81 kari.[a]

إِلَّا عَجُوزًا فِى ٱلْغَٰبِرِينَ ۝١٣٥

136 Tumuli liya-liyané padha Ingsun tumpes.

ثُمَّ دَمَّرْنَا ٱلْءَاخَرِينَ ۝١٣٦

137 Lan sayekti, temen sira pa-
Ar. *dhèwèké* dha liwat ing *panggonané* ing wayah ésuk.

وَإِنَّكُمْ لَتَمُرُّونَ عَلَيْهِم مُّصْبِحِينَ ۝١٣٧

138 Lan ing wayah bengi: lah apa ta sira ora padha ngerti?

وَبِٱلَّيْلِ ۗ أَفَلَا تَعْقِلُونَ ۝١٣٨

RUKU' 5

Kanjeng Nabi Yunus sarta kamenanganipun Kanjeng Nabi

139-148. Nabi Yunus dipun wilujengaken saking babaya. 149-163. Titiyang Makkah anggènipun manembah brahala sarta angidhep lelembat dipun lepataken. 164-169. Titiyang ingkang satuhu manembah ing Allah. 170-182. Kamenanganipun para utusan katerangaken manawi sampun tinamtu.

139 Lan sayekti, Yunus iku temen sawenèhing para utusan.

وَإِنَّ يُونُسَ لَمِنَ ٱلْمُرْسَلِينَ ۝١٣٩

140 Nalikané dhèwèké mlayu[2121] menyang prau kang kebak banget momotané;

إِذْ أَبَقَ إِلَى ٱلْفُلْكِ ٱلْمَشْحُونِ ۝١٤٠

141 Mulané dhèwèké ambagé (karo liya-liyané), ananging dhèwèké kalebu panunggalané kang padha dijeguraké.[2122]

فَسَاهَمَ فَكَانَ مِنَ ٱلْمُدْحَضِينَ ۝١٤١

2121. Saèstu nama tanpa teges manawi winastan bilih Kanjeng Nabi Yunus lumajeng saking Pangéran. Panjenenganipun punika nabi, dados mangertos bilih boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang saged lumajeng saking Pangéran, jalaran karatonipun Pangéran punika tanpa wates wiyaripun. Quran inggih boten naté mangandikakaken, bilih Kanjeng Nabi Yunus lumajeng saking Pangéran. Para mufassirin ugi boten sami sarujuk dhateng cariyos makaten wau (Rz). Badhé wonten cihnanipun bilih panjenenganipun punika lumajeng sumingkir saking umatipun utawi nyingkiri ratu. Mirsanana ugi 1651 tuwin 1652.

2122. *Sâhama* ingkang limrahipun dipun jarwani *ngundhi*, punika ugi ateges angsal panduman kados sanès-sanèsipun, *fî kadhâ* jawinipun *ing dalem kang mangkono* (LL). Déné ingkang kacariyosaken ing dalem Quran, panjenenganipun punika ing wasananipun dipun cemplungaken.

Ar. *si* 142 Tumuli *ana* iwak nyaut dhèwèké sarana cangkemé,[2123] amarga dhèwèké (anindakaké barang kang anjalari) cinacad.

فَالْتَقَمَهُ الْحُوتُ وَهُوَ مُلِيمٌ ﴿١٤٢﴾

143 Lah saupama dhèwèké dudua panunggalané para kang padha mahasucèkaké (marang Ingsun),

فَلَوْلَا أَنَّهُ كَانَ مِنَ الْمُسَبِّحِينَ ﴿١٤٣﴾

144 Masthi bakal lestari ana ing
Ut. *wetengé* sajroning *kaumé*[2124] tumeka ing dinané padha tinangèkaké.

لَلَبِثَ فِي بَطْنِهِ إِلَىٰ يَوْمِ يُبْعَثُونَ ﴿١٤٤﴾

145 Lan dhèwèké Ingsun uncalaké ing dharatan kang ngenthak-enthak, kang sarta dhèwèké lara.

فَنَبَذْنَاهُ بِالْعَرَاءِ وَهُوَ سَقِيمٌ ﴿١٤٥﴾

146 Lan Ingsun anukulaké waluh tumrap marang dhèwèké.

وَأَنْبَتْنَا عَلَيْهِ شَجَرَةً مِنْ يَقْطِينٍ ﴿١٤٦﴾

147 Sarta Ingsun angutus dhèwèké marang (kaum kang cacah jiwané) satus èwu utawa luwih.

وَأَرْسَلْنَاهُ إِلَىٰ مِائَةِ أَلْفٍ أَوْ يَزِيدُونَ ﴿١٤٧﴾

148 Tumuli padha angèstu; mulané padha Ingsun paringi pasadhiyan tumeka mangsané.

فَآمَنُوا فَمَتَّعْنَاهُمْ إِلَىٰ حِينٍ ﴿١٤٨﴾

149 Tumuli padha sira takonana apa Pangéranira kagungan putra wadon-wadon sarta dhèwèké padha duwé anak lanang-lanang.

فَاسْتَفْتِهِمْ أَلِرَبِّكَ الْبَنَاتُ وَلَهُمُ الْبَنُونَ ﴿١٤٩﴾

2123. Quran boten naté nyebutaken bilih Kanjeng Nabi Yunus dipun untal ing ulam, awit tembung *iltaqama*, ingkang kagem wonten ngriki punika, boten mesthi ateges nguntal, nanging namung mengku teges nyaut utawi nyarab kaliyan tutukipun. Mirsanana LL, ing ngriku tegesing tembung dipun terangaken mawi tuladha tetembungan التقم فاها في التقبيل ingkang katerangaken makaten tegesipun: *dhèwèké narik lésané (wadon) nganti tekan lambéné dhéwé anggoné ngambung*. Nitik salah satunggalipun hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, tétéla manawi namung tungkakipun Kanjeng Nabi Yunus kémawon ingkang dipun saut tutukipun ulam. Malih, punika kawontenan ingkang katranganipun Quran nyengkah katranganipun Bébel.

2124. Tembung *bathn* punika tegesipun wonten warni kalih, *pancer* (LL) tuwin *weteng*. Teges ingkang angka satunggal wau ingkang kula anggé, kanggé anerangaken suraosing dhawuh sambetipun. Déné suraosing dhawuh, saupami Kanjeng Nabi Yunus punika sanès éwonipun para ingkang sami mahasucèkaken ing Allah, sayekti panjenenganipun punika badhé lastantun dados tiyang limrah wonten ing antawising kulawangsa panceripun sarta panjenenganipun boten kajumenengaken dados nabi. Déné manawi dipun tegesi *weteng*, *wetengé* punika tegesipun *wadhukipun ulam*. Nanging sanajan dipun tegesana weteng pisan, punika boten lajeng anedahaken bilih Kanjeng Nabi Yunus dipun untal ulam

أَمْ خَلَقْنَا الْمَلَائِكَةَ إِنَاثًا وَهُمْ شَاهِدُونَ ﴿١٥٠﴾

150 Utawa apa Ingsun anitahaké para malaikat iku wadon sarta dhèwèké iku padha *aneksèni*?

Ar. *saksi*

أَلَا إِنَّهُمْ مِنْ إِفْكِهِمْ لَيَقُولُونَ ﴿١٥١﴾

151 O, sayekti saka gorohé dhèwè déné dhéwèké padha angucap:

وَلَدَ اللَّهُ وَإِنَّهُمْ لَكَاذِبُونَ ﴿١٥٢﴾

152 Allah iku apuputra; lan sayekti, dhèwèké padha iku temen padha wong goroh.

أَصْطَفَى الْبَنَاتِ عَلَى الْبَنِينَ ﴿١٥٣﴾

153 Apa Panjenengané iku milih putra wadon-wadon angungkuli putra lanang-lanang?

مَا لَكُمْ كَيْفَ تَحْكُمُونَ ﴿١٥٤﴾

154 Apa ta karanira: kapriyé ta anggonira padha amancasi?

أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ﴿١٥٥﴾

155 Lah ta apa sira ora padha gelem ngangen-angen?

أَمْ لَكُمْ سُلْطَانٌ مُبِينٌ ﴿١٥٦﴾

156 Utawa apa sira duwé bukti kuwat kang cetha?

فَأْتُوا بِكِتَابِكُمْ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ﴿١٥٧﴾

157 Lah sira padha tekakna kitabira, manawa sira iku padha wong temen.

وَجَعَلُوا بَيْنَهُ وَبَيْنَ الْجِنَّةِ نَسَبًا ۚ وَلَقَدْ عَلِمَتِ الْجِنَّةُ إِنَّهُمْ لَمُحْضَرُونَ ﴿١٥٨﴾

158 Lan dhèwèké padha anganggep ana sasambungan sanak antarané Panjenengané karo *jin*; lan sayekti temen jin iku weruh, yèn dhèwèké iku temen bakal padha diladèkaké (marang pasiksan);

Ar. *antarané jin*

سُبْحَانَ اللَّهِ عَمَّا يَصِفُونَ ﴿١٥٩﴾

159 Mahasuci Allah iku, (adoh) saka anggoné padha *nganggep;*

Ut. *anyifati*

إِلَّا عِبَادَ اللَّهِ الْمُخْلَصِينَ ﴿١٦٠﴾

160 Ananging ora mangkono para kawulaning Allah, para kang padha sinucèkaké.

---

saèstu, wangsul namung mengku teges: panjenenganipun mesthi kauntal ing ulam saupami panjenenganipun punika sanès éwonipun para ingkang sami mahasucèkaken ing Allah.

161 Lan sayekti sira sarta apa kang sira *kawulani*,

Ut. *sembah*

فَإِنَّكُمْ وَمَا تَعْبُدُوْنَ ﴿١٦١﴾

162 (Kalawan) *nyulayani* Panjenengané ora bisa sira padha *mitenah* wong,

Ut. *lumawan*
Ut. *agawé sangsaraning*

مَآ أَنْتُمْ عَلَيْهِ بِفٰتِنِيْنَ ﴿١٦٢﴾

163 Kajaba sapa-sapa sing arep nyemplung naraka.

إِلَّا مَنْ هُوَ صَالِ الْجَحِيْمِ ﴿١٦٣﴾

164 Lan golonganku ora ana siji-sijia kang ora duwé panggonan kang wus *tinamtu*,[2124A]

Ar. *kinaweruhan*

وَمَا مِنَّآ إِلَّا لَهٗ مَقَامٌ مَّعْلُوْمٌ ﴿١٦٤﴾

165 Lan sayekti aku iki temen para kang padha ababarisan,

وَّإِنَّا لَنَحْنُ الصَّآفُّوْنَ ﴿١٦٥﴾

166 Lan sayekti aku iki temen para kang padha Mahasucèkaké (Allah).

وَإِنَّا لَنَحْنُ الْمُسَبِّحُوْنَ ﴿١٦٦﴾

167 Lan temen mauné gawéné padha calathu:

وَإِنْ كَانُوْا لَيَقُوْلُوْنَ ﴿١٦٧﴾

168 Yèn ta aku iki padha duwéa pépéling saka para wong kuna,

لَوْ أَنَّ عِنْدَنَا ذِكْرًا مِّنَ الْأَوَّلِيْنَ ﴿١٦٨﴾

169 Amasthi aku iki padha dadi kawulaning Allah – para wong sinucèkaké.

لَكُنَّا عِبَادَ اللّٰهِ الْمُخْلَصِيْنَ ﴿١٦٩﴾

170 Ananging marang iki (saiki) dhèwèké padha ngafiri, mulané bakal padha weruh.

فَكَفَرُوْا بِهٖ فَسَوْفَ يَعْلَمُوْنَ ﴿١٧٠﴾

171 Lan sayekti temen wus kalakon (dhumawuh) pangandika-Ningsun tumrap marang para kawula-Ningsun, para utusan:

وَلَقَدْ سَبَقَتْ كَلِمَتُنَا لِعِبَادِنَا الْمُرْسَلِيْنَ ﴿١٧١﴾

172 Sayekti dhèwèké iku temen para kang bakal padha tinulungan,

إِنَّهُمْ لَهُمُ الْمَنْصُوْرُوْنَ ﴿١٧٢﴾

2124A. Tetembungan punika kawarna dipun ucapaken para angèstu.

وَإِنَّ جُندَنَا لَهُمُ الْغٰلِبُونَ ﴿١٧٣﴾

173 Lan sayekti wadya bala Ningsun temen kang bakal padha menang.

فَتَوَلَّ عَنْهُمْ حَتّٰى حِينٍ ﴿١٧٤﴾

174 Mulané sira méngoa saka dhèwèké nganti tumeka mangsané,[2125]

وَّأَبْصِرْهُمْ فَسَوْفَ يُبْصِرُونَ ﴿١٧٥﴾

175 Lan (banjur) padha sira delenga, lah dhèwèké bakal padha andeleng.

أَفَبِعَذَابِنَا يَسْتَعْجِلُونَ ﴿١٧٦﴾

176 Lah apa ta dhèwèké arep padha anggégé marang siksa-Ningsun?

فَإِذَا نَزَلَ بِسَاحَتِهِمْ فَسَآءَ صَبَاحُ الْمُنذَرِينَ ﴿١٧٧﴾

177 Ananging samangsa iku tumurun ing padunungané, lah ala bakalé ésuké para kang wus padha dipépélingi.

وَتَوَلَّ عَنْهُمْ حَتّٰى حِينٍ ﴿١٧٨﴾

178 Lan sira méngoa saka dhèwèké nganti tumeka mangsané.

وَّأَبْصِرْ فَسَوْفَ يُبْصِرُونَ ﴿١٧٩﴾

179 Lan (banjur) sira andelenga, amarga dhèwèké iya bakal padha andeleng.

سُبْحٰنَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ ﴿١٨٠﴾

180 Mahasuci Pangéranira, Pangéraning Kahurmatan, (adoh) saka anggoné padha *anganggep.*

Ut. *anyifati*

وَسَلٰمٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ ﴿١٨١﴾

181 Sarta Rahayu tumrapé para utusan.

وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِينَ ﴿١٨٢﴾

182 Lan sakèhing pangalembana iku kagunganing Allah Ingkang mangérani sakèhing ngalam.

2125. Inggih punika, titimangsa dhatengipun kamenangan (Bd).

اٰيَاتُهَا ٨٨ (٣٨) سُوْرَةُ صٓ مَكِّيَّةٌ رُكُوعَاتُهَا ٥

SURAT 38

SHAD

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(5 *ruku'*, 88 *ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Weca badhé kawonipun mengsah.
Ruku' 2. Para mengsahipun Kanjeng Nabi Dawud.
Ruku' 3. Kanjeng Nabi Sulaiman kaliyan mengsah-mengsahipun.
Ruku' 4. Kanjeng Nabi Ayyub lan menangipun para tulus.
Ruku' 5. Panglawan dhateng para nabi.

Namanipun

Namanipun surat punika mirid saking aksara pangringkesing tembung ingkang kasebut wonten ing ngriku. Ingkang katerangaken ing rekaos ingkang kasandhang déning para nabi saking pandameling tanganipun mengsah-mengsahipun. Dalasan nabi ingkang kados déné Kanjeng Nabi Dawud lan Kanjeng Nabi Sulaiman, ingkang ngratoni karajan ingkang santosa, tuwin Kanjeng Nabi Ayyub ingkang kaparingan kasugihan, inggih boten saged suminggah saking panglawan lan kapeksa sami nandhang rekaos wonten ing tanganing mengsah-mengsahipun. Kanjeng Nabi Muhammad saw. inggih boten dipun kejawèkaken. Nanging kados déné ingkang kacetha wonten ing namanipun surat punika. Gusti Allah punika *Pangéran Ingkang-Mahayakti*, ing kalanipun mubal-mubaling panglawan Panjenenganipun amecakaken kawonipun mengsah, tuwin menangipun ingkang wekasan yakti, sarta janji-Nipun mesthi badhé dipun tuhoni sayektos, boten prabéda lan janji milujengaken para nabi ingkang rumiyin- rumiyin saking tanganing para mengsahipun punika ugi sampun katuhonan sayektos.

Titimangsaning tumurunipun tuwin babipun ingkang karembag

Titimangsaning tumurunipun surat punika kénging katamtokaken kirang langkung nunggil jaman kaliyan surat ingkang sampun, sarta sampun boten wonten semang-semangipun malih kagolong wahyu Makkiyah. Nalika wekdal wau panglawan saya sanget punika sampun genah, sarta saged ugi hijrah ingkang rumiyin piyambak sampun kelampahan utawi badhé kelampahan tumunten kémawon ing sasampunipun surat punika katurunaken. Wekdal wau watawis ing wekasaning jaman Makkah wiwitan. Ruku' ingkang sapisan mangandikakaken kalayan terang bab prakawis panglawanipun mengsah ingkang kalayan sarosa tuwin mecakaken kawonipun mengsah wau. Ruku' ingkang kaping kalih mangandikakaken bilih dalasan nabi ingkang ugi jumeneng ratu kados déné Kanjeng Nabi Dawud, punika inggih gadhah mengsah, nanging para nabi wau sami dipun wilujengaken saking tanganing mengsah. Ruku' ingkang kaping tiga nerangaken bilih nadyan Kanjeng Nabi Sulaiman ingkang binathara punika, inggih boten saged uwal saking panglawaning mengsah-mengsahipun, éwadéné sanès kaluhuraning karatonipun, nanging nugrahanipun Allah, ingkang milujengaken panjenenganipun saking mengsah-mengsahipun. Ruku' ingkang kaping sakawan mangandikakaken kasusahan ingkang kasan-dhang déning Kanjeng Nabi Ayyub tuwin nerangaken kalayan terang menangipun para titiyang tulus. Ruku' ingkang pungkasan, ingkang karembag bab caraning panglawanipun sétan dhateng manusa – nabi.

RUKU' 1

Weca badhé kawonipun mengsah

1-3. Pèpènget. 4-8. Para manembah pangéran kathah sami setya dhateng sesembahanipun. 9-11. Weca kawonipun para wadyabala ingkang sakuthu. 12-14. Ingkang sami milawani para nabi ing kina-kina punika sami lebur.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

1 Allah ingkang Mahayekti![2126]
a. 2099 Waspadakna[a] Quran kang kadunungan kaluhuran.[2127]

صٓ وَالْقُرْاٰنِ ذِى الذِّكْرِ ۝١

2 O, balik para kang padha kafir iku padha ana ing sajroning kumalungkung lan milawani.

بَلِ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا فِىْ عِزَّةٍ وَّشِقَاقٍ ۝٢

3 Pira baé bangsa sadurungé dhèwèké kang wus Ingsun lebur, banjur padha anguwuh-sambat,
Ar. *lan* Ar. *dudu* *nanging wis kliwat* mangsané suminggah.[2128]

كَمْ اَهْلَكْنَا مِنْ قَبْلِهِمْ مِّنْ قَرْنٍ فَنَادَوْا وَّلَاتَ حِيْنَ مَنَاصٍ ۝٣

4 Lan dhèwèké padha gumun, déné ana juru pépéling (tuwuh) saka bangsané dhéwé, anekani dhèwèké, sarta para kafir acalathu: Iki juru-kemayan, wong goroh:

وَعَجِبُوْٓا اَنْ جَاۤءَهُمْ مُّنْذِرٌ مِّنْهُمْ وَقَالَ الْكٰفِرُوْنَ هٰذَا سٰحِرٌ كَذَّابٌ ۝٤

5 Apa dhèwèké andadèkaké sesembahan-sesembahan iku dadi sesembahan sawiji? Sayekti, iki temen sawijining barang kang élok!

اَجَعَلَ الْاٰلِهَةَ اِلٰهًا وَّاحِدًا ۖ اِنَّ هٰذَا لَشَيْءٌ عُجَابٌ ۝٥

2126. *Shâd*, ingkang ugi dados namanipun surat punika, punika kanggé pangringkesipun *Ash-Shâdiq* tegesipun *Allah ingkang Mahayakti* (JB).

2127. *Dhikr* ing ngriki ateges *kaluhuran*, kados déné ing 43: 4 (TA-LL). Apasaksi kalayan Quran ingkang sinung kaluhuran, punika mengku teges bilih kasunyatanipun Quran badhé gumelar awewèntèhan kaluhuran ingkang badhé dumunung wonten ing para ingkang andhèrèk Quran.

2128. Terangipun, para titiyang wau boten sami anggapé dhateng pèpènget, nanging sareng siksa sampun andhawahi saèstu dhateng piyambakipun, sarta wanci kanggé oncat sampun boten wonten malih, saweg sami nguwuh-uwuh nedha tulung tuwin nedha dipun wilujengaken saking siksa.

وَانْطَلَقَ الْمَلَأُ مِنْهُمْ أَنِ امْشُوا وَاصْبِرُوا عَلَىٰ آلِهَتِكُمْ ۖ إِنَّ هَٰذَا لَشَيْءٌ يُرَادُ ﴿٦﴾

6 Lan para kepala-kepalané padha anglungani, calathuné: Padha lungaa sarta padha diteguh (setyamu) marang sesembahan-sesembahanmu; sayekti, iki temen sawijining prakara kang kudu ginayuh:[2129]

مَا سَمِعْنَا بِهَٰذَا فِي الْمِلَّةِ الْآخِرَةِ إِنْ هَٰذَا إِلَّا اخْتِلَاقٌ ﴿٧﴾

7 Iki, ora tau aku padha ngrungu ing sajroning agama kang dhisik; iki ora liya kajaba panggorohan:

أَأُنْزِلَ عَلَيْهِ الذِّكْرُ مِنْ بَيْنِنَا ۚ بَلْ هُمْ فِي شَكٍّ مِنْ ذِكْرِي ۖ بَلْ لَمَّا يَذُوقُوا عَذَابِ ﴿٨﴾

8 Apa pépéling (kang) diturunaké marang dhèwèké iku saka antarané aku kéné? O, balik dhèwèké iku padha ana sajroning semang-semang marang pépéling-Ingsun. O, dhèwèké durung padha angrasakaké siksa-Ningsun!

أَمْ عِنْدَهُمْ خَزَائِنُ رَحْمَةِ رَبِّكَ الْعَزِيزِ الْوَهَّابِ ﴿٩﴾

9 Apa dhèwèké iku padha andharbèni gedhung wilasané Pangéranira Ingkang-Mahamulya, Ingkang-Agung-paparingé?

أَمْ لَهُمْ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۖ فَلْيَرْتَقُوا فِي الْأَسْبَابِ ﴿١٠﴾

10 Utawa apa karatoning langit-langit lan bumi sarta barang saantarané iku darbèké? Jajal konen padha munggah kalawan sarana.[2130]

جُنْدٌ مَا هُنَالِكَ مَهْزُومٌ مِنَ الْأَحْزَابِ ﴿١١﴾

Ar. *Wadya bala apa (!)* Ut. *jajahan kang kuwat*

11 *Wadyabalané* para papanthan *kang santosa* ing kono bakal padha keplayu.[2131]

2129. *Barang kang kudu ginayuh*, punika kénging dipun suraos barang ingkang badhé ginayuh Kanjeng Nabi, nanging boten angsal damel, utawi ateges bilih anggènipun mumulang Kanjeng Nabi punika prakawis ingkang sampun katamtokaken pepesthèning pandum. Para titiyang wau sami gadhah panganggep bilih kacilakan mesthi andhawahi piyambakipun, jalaran sampun katamtokaken kalayan pepesthèning nasib (Bd).

2130. Rèhning para titiyang wau sami nganggep awakipun piyambak nyepeng panguwaos wonten ing nagarinipun tuwin wenang murba-wisesa nagarinipun, para titiyang wau sami kadhawuhan ngupados sarana ingkang mikantuki piyambak, ingkang saged damel lastantuning panguwaosipun, tuwin kadhawuhan bilih pèpèngetipun Kanjeng Nabi punika dora. Para titiyang wau boten badhé saged minangkani sadaya wau; ing ayat candhakipun kadhawuhaken.

2131. Punika piweca bab badhé tumpes tuwin ambrukipun babar pisan mengsah-mengsahipun Islam, ing kalanipun para mengsah wau ngempalaken prajurit sawonten-wontenipun sadaya kanggé

12 Ing sadurungé dhèwèké, kaumé Nuh, apa déné ‘Ad, lan Fir’aun kang andharbèni *wadya-bala*,[2132] padha anggorohaké (para utusan).

كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ وَّعَادٌ وَّفِرْعَوْنُ ذُو الْأَوْتَادِ ۝١٢

13 Lan Tsamud sarta kaumé Luth apa déné para kang manggon
a. 1347 ing gugrumbulan:[a] yaiku para papanthan.

وَثَمُودُ وَقَوْمُ لُوطٍ وَّأَصْحٰبُ لْـَٔيْكَةِ ۚ أُولٰٓئِكَ الْأَحْزَابُ ۝١٣

14 Kabèh iku ora ana siji-sijia kang ora anggorohaké para utusan, mulané wis bener piwales-Ingsun.

إِنْ كُلٌّ إِلَّا كَذَّبَ الرُّسُلَ فَحَقَّ عِقَابِ ۝١٤

RUKU’ 2

Para mengsahipun Kanjeng Nabi Daud

15, 16. Pancasan tumrap para titiyang Makkah sampun mèh dhumawah. 17-20. Karajan ageng kaparingaken Kanjeng Nabi Dawud. 21-25. Palacidra dhateng Kanjeng Nabi Dawud cabar. 26. Kasaénanipun sarta kawicaksananipun.

15 Lan iki ora liya kajaba mung kari ngentèni panjelih sapisan; ing kono wis ora ana sumené.[2133]

وَمَا يَنْظُرُ هٰٓؤُلَآءِ إِلَّا صَيْحَةً وَّاحِدَةً مَّا لَهَا مِنْ فَوَاقٍ ۝١٥

---

nglawan Islam. Dados tegesipun Kanjeng Nabi kadhawuhan sabar salebetipun nandhang rekaos ing wekdal ingkang dipun idaki wau, sarta ing salajengipun Kanjeng Nabi dipun pangandikani, bilih mengsah ingkang milawani panjenenganipun badhé andados langkung anggigirisi. Nanging salebetipun kapangandikan makaten wau, panjenenganipun lipur panggalihipun, uninga bilih wadya-sekutunipun mengsah badhé remuk tan mangga puliha. Punika kelampahan saèstu wonten ing paprangan ingkang winastan *gazwatu-l-Ahzâb*, utawi *prangipun wadya-sekutu*. Mirsanana 1981.

2132. *Autâd* punika *jama’*-ipun *watad*, ingkang wantahipun ateges *pathok* ingkang tumancep ing siti kalayan kiyat. Nanging asring kémawon tembung punika dipun anggé tembung ngibarat. Kadosta اوتاد البلاد punika tegesipun *pengagengipun kitha*, *daérah*, utawi *nagari* (LA-LL). Bd merdéni ذو الاوتاد ateges ذو الجموع الكثيرة jawinipun *kang andharbéni wadyabala akèh*. Sarta, limrah-ipun tembung wau ugi dipun tegesi ذو الملك الثابت jawinipun *kang andharbéni negara kang kuwat* déné minangka watonipun, kapethikaken kidungipun Aswad, makaten, في ظل ملك ثابت الاوتاد jawinipun *ing pangayomané sawijining ratu kang santosa ana ing nagara kang kuwat* (Kf). Sarta panjenenganipun mewahi katrangan, bilih margi saking punika mila tembung *autâd* punika dipun anggé nembungaken sacara ngibarat *santosanipun panguwaos tuwin kraton saha jejegipun prakawis*.

2133. *Fawâq* punika *wekdal saantawisipun kalih peresan* (LL). Unta èstri manawi dipun peres (dipun wedalaken puhanipun), sasampunipun dipun peres saambalan lajeng dipun kèndelaken ing sawatawis wekdal, supados dipun sesep pedhètipun piyambak pamrihipun, ing sasampunipun dipun sesep wau puhan langlung kathah wedalipun; lah lajeng dipun peres malih. Dados *fawâq* makaten ateges *sumené sakedhap*.

16 Lan dhèwèké calathu: O, Pangéran kawula! Tuwan énggalaken bagéan kawula (dhumawahipun) dhateng kawula, sadèrèngipun dinten pétangan.[2134]

وَقَالُوا رَبَّنَا عَجِّلْ لَنَا قِطَّنَا قَبْلَ يَوْمِ الْحِسَابِ ﴿١٦﴾

17 Di sabar marang apa calathuné sarta angélingana kawula-Ningsun Dawud, kang andharbèni kakuwatan;[2135] sayekti dhèwèké iku tansah bali (kalawan konjem marang Allah).

اصْبِرْ عَلَىٰ مَا يَقُولُونَ وَاذْكُرْ عَبْدَنَا دَاوُدَ ذَا الْأَيْدِ ۖ إِنَّهُ أَوَّابٌ ﴿١٧﴾

a. 2022

18 Sayekti Ingsun ambangun turutaké gunung-gunung, anyartani dhèwèké, mahasucèkaké[a] (ing Allah) ing wayah ésuk lan soré,

إِنَّا سَخَّرْنَا الْجِبَالَ مَعَهُ يُسَبِّحْنَ بِالْعَشِيِّ وَالْإِشْرَاقِ ﴿١٨﴾

b. 1846

19 Apa dhéné manuk-manuk padha nglumpuk;[b] kabèh padha miturut marang dhèwèké.

وَالطَّيْرَ مَحْشُورَةً ۖ كُلٌّ لَهُ أَوَّابٌ ﴿١٩﴾

20 Lan Ingsun anyantosakaké karatoné, sarta Ingsun amaringi kawicaksanan dhèwèké, apa déné panemu kang bening.

وَشَدَدْنَا مُلْكَهُ وَآتَيْنَاهُ الْحِكْمَةَ وَفَصْلَ الْخِطَابِ ﴿٢٠﴾

21 Lan apa wis tumeka marang sira caritané wong kang padha milawani, nalikané padha lumebu ing kamar kang miji asarana mlangkah pager?

وَهَلْ أَتَاكَ نَبَأُ الْخَصْمِ إِذْ تَسَوَّرُوا الْمِحْرَابَ ﴿٢١﴾

22 Nalikané padha lumebu amarani Dawud, lah iki kagèt amarga saka dhèwèké, dhèwèké padha calathu: Sampun ajrih: tiyang prakawisan kalih, ingkang satunggal atindak dédé dhateng satunggalipun; milanipun *kula sami* panjenengan putusi kalayan adil,

Ar. *antawisipun kula*

إِذْ دَخَلُوا عَلَىٰ دَاوُدَ فَفَزِعَ مِنْهُمْ ۖ قَالُوا لَا تَخَفْ ۖ خَصْمَانِ بَغَىٰ بَعْضُنَا عَلَىٰ بَعْضٍ فَاحْكُمْ بَيْنَنَا بِالْحَقِّ

2134. Lah ing ngriki kasebutaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang para kafir nyuwun dipun dhawahi siksa wonten ing gesang sapunika punika.

2135. *Yad* tegesinun *jâh* tuwin *quwwah*, jawinipun *kaluhuran* tuwin *panguwaos* (TA). Miturut TA ugi, *yad* punika inggih ateges *wasésa*, *hak andarbéni*, *nugraha* utawi *paédah*.

وَلَا تُشْطِطْ وَاهْدِنَآ إِلَىٰ سَوَآءِ الصِّرَاطِ ۝٢٢

sarta sampun atindak botsih, saha mugi panjenengan anuntun kula dhateng margi ingkang leres;

إِنَّ هَٰذَآ أَخِى لَهُۥ تِسْعٌ وَتِسْعُونَ
نَعْجَةً وَلِىَ نَعْجَةٌ وَٰحِدَةٌ فَقَالَ
أَكْفِلْنِيهَا وَعَزَّنِى فِى الْخِطَابِ ۝٢٣

23 Saèstu, punika sadhèrèk kula; gadhah ménda sangang dasa sanga sarta kula gadhah ménda satunggal; ananging piyambakipun wicanten: kuwi tampakna marang aku, sarta piyambakipun menang ing ginem kaliyan kula.

قَالَ لَقَدْ ظَلَمَكَ بِسُؤَالِ نَعْجَتِكَ
إِلَىٰ نِعَاجِهِۦ ۖ وَإِنَّ كَثِيرًا مِّنَ الْخُلَطَآءِ
لَيَبْغِى بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ إِلَّا الَّذِينَ
ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ الصَّٰلِحَٰتِ وَقَلِيلٌ
مَّا هُمْ ۗ وَظَنَّ دَاوُۥدُ أَنَّمَا فَتَنَّٰهُ
فَاسْتَغْفَرَ رَبَّهُۥ وَخَرَّ رَاكِعًا وَأَنَابَ ۩ ۝٢٤

24 Calathuné: sayekti, temen dhèwèké atindak dudu marang kowé kalawan anjaluk wedhusmu, (arep diwuwuhaké) marang wedhusé; lan sayekti, sing akèh, wong bathon iku temen padha nakal kang sawenèh marang sawenèhé, kajaba para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, lan iku mung sathithik; lan
Ut. *yakin* — Dawud iku *ngrumangsani*, manawa awaké Ingsun coba, mulané nyu-
a. 2194 — wun pangayoman[a] Pangérané sarta anjungkel tumundhuk apa déné
Ut. *tobat* — tansah *bali adhepé* (ing Panjenengané).[2136]

2136. Dongèng ngayawara ingkang para mufassirin kanggé nafsiri ayat punika, punika sakalangkung anggènipun cengkah kaliyan pangandikanipun Quran bab Kanjeng Nabi Dawud. Kados déné ingkang kasebutaken kalayan terang Quran piyambak, tiyang ingkang nempuh Kanjeng Nabi Dawud sarana *mlangkah pager* wau mengsahipun Kanjeng Nabi Dawud. Titiyang wau gadhah niyat badhé nukup Kanjeng Nabi Dawud kalayan dhedhemitan tuwin badhé nyédani panjenenganipun. Nanging Kanjeng Nabi Dawud, nadyan inggih ngandhut kuwatos, samekta badhé methukaken titiyang wau. Tiyang kalih wau, margi kacengkeg lan boten kadumugèn sedyanipun lajeng damel-damel pawadan sababipun sami dhateng ing ngriku sacara nyalènèh wau. Quran boten naté angandikakaken bilih titiyang wau malaikat kakalih; langkung-langkung saumpami malaikat, boten cocog kaliyan kateranganipun Quran bilih tiyang kakalih wau *tiyang ingkang sami milawani* lan *mlangkahi pager*. Dodongèngan ingkang nerangaken Kanjeng Nabi Dawud lampah sèdhèng, lajeng wonten malaikat kakalih dhateng perlu mèngeti Kanjeng Nabi Dawud anggènipun sampun atindak dosa, punika gogorohan blaka, nadyan wonten pundi kémawon pinanggihipun dodongèngan wau. Mufassir ingkang kalebet linangkung nampik sanget dhateng dodongèngan wau. Rz nerangaken makaten: "Para saged ingkang kathah-kathah tuwin para marsudi kasunyatan ing antawisipun para saged wau sami mastani bilih pandakwa punika dora sarta mastani manawi punika gogorohan tuwin dodongèngan ingkang adamel wisuna," Khalifah Ali, nalika midhanget dodongèngan ingkang ngayawara wau, ngandika: "Sing sapa wongé nyaritakaké dongèngé Kanjeng Nabi Dawud kaya anggoné nyaritakaké para tukang andongèng kaé, mesthi bakal dak sabeti kaping 160; iki minangka pidanané wong kang andalih kalayan

25 Mulané, iki, Ingsun angayomi
a. 2194 marang dhèwèké,[a] lan sayekti dhèwèké iku temen olèh kepareking ngarsa-Ningsun sarta pangungsèn kang becik.

فَغَفَرۡنَا لَهٗ ذٰلِكَ ؕ وَاِنَّ لَهٗ عِنۡدَنَا لَزُلۡفٰى وَحُسۡنَ مَاٰبٍ ﴿۲۵﴾

26 O, Dawud! sayekti Ingsun wus andadèkaké sira dadi pamaréntah ing bumi, mulané angadilana antaraning para manusa kalawan bener sarta aja manut hawa, mundhak sira sinasaraké saka dadalaning Allah; sayekti para kang padha sasar saka dadalaning Allah iku bakal padha olèh siksa kang abot, amarga saka anggoné padha lali marang dinaning pétungan.

يٰدَاوٗدُ اِنَّا جَعَلۡنٰكَ خَلِيۡفَةً فِى الۡاَرۡضِ فَاحۡكُمۡ بَيۡنَ النَّاسِ بِالۡحَقِّ وَلَا تَتَّبِعِ الۡهَوٰى فَيُضِلَّكَ عَنۡ سَبِيۡلِ اللّٰهِ ؕ اِنَّ الَّذِيۡنَ يَضِلُّوۡنَ عَنۡ سَبِيۡلِ اللّٰهِ لَهُمۡ عَذَابٌ شَدِيۡدٌۢ بِمَا نَسُوۡا يَوۡمَ الۡحِسَابِ ﴿۲۶﴾

RUKU' 3

Kanjeng Nabi Sulaiman kaliyan mengsah-mengsahipun

27-29. Para tulus sarta para ingkang adamel risak boten badhé dipun sami pandumipun. 30-33. Kahagunganipun Kanjeng Nabi Sulaiman. 34. Ingkang sami anggentosi boten pengaos. 35-40. Para mengsahipun Kanjeng Nabi Sulaiman sami nungkul dhateng panjenenganipun.

27 Lan Ingsun ora anitahaké langit-langit lan bumi sarta apa

وَمَا خَلَقۡنَا السَّمَآءَ وَالۡاَرۡضَ وَمَا

palsu marang nabi" (Rz). Wondéné tembung *istagfara* tuwin tembung *gafarnâ* ing ayat punika tuwin ing ayat candhakipun punika babar pisan boten anélakaken bilih Kanjeng Nabi Dawud sampun anindakaken pandamel dosa, jalaran menggah ing sajatos-jatosipun *istigfar* punika tegesipun *ngupados pangayoman* (mirsanana 2194), mila nalika Kanjeng Nabi Dawud pirsa mengsah-mengsahipun ngantos samanten nèkadipun dhateng panjenenganipun, panjenenganipun lajeng nyuwun pangayomanipun Pangéran. Déné tembung *gafarnâ* ing ayat candhakipun, punika ateges angleresaken prakawisipun Kanjeng Nabi Dawud; sabab ingkang kapratélakaken wonten ing ngriku, nyethakaken teges ingkang makaten wau: "Sayekti dhèwèké iku temen olèh keparek ing ngarsa-Ningsun sarta pangungsèn kang becik." Déné maksudipun mila lalampahan wonten ing sugengipun Kanjeng Nabi Dawud punika dipun andharaken, punika supados Kanjeng Nabi lajeng uninga dhateng rekaos ingkang dipun sandhang. Jalaran, manawi ratu gung binathara kados Kanjeng Nabi Dawud makaten meksa boten saged ngulataken mengsah-mengsahipun kalayan sampurna, punapa malih Kanjeng Nabi, botena saya rekaos lenggahipun. Prayogi katerangaken ugi, bilih ing antawisipun titiyang Israil piyambak, wonten golongan ingkang milawani Kanjeng Nabi Dawud tuwin Kanjeng Nabi Sulaiman; mirongipun pancer sadasa dhateng papréntahanipun Rehabeam, putranipun Kanjeng Nabi Sulaiman, punika dados pasaksèn ingkang terang gamblang ing wontenipun memengsahan wau. Awit saking punika mila lajeng wonten pandalih palsu dhateng nabi-ratu kakalih punika.

kang ana ing saantarané iku kalawan muspra; iki panemuné para kang padha kafir;[2137] mulané cilaka bagéané para kang padha kafir *déning* geni.

Ar. *saka*

بَيْنَهُمَا بَاطِلًا ۚ ذَٰلِكَ ظَنُّ الَّذِينَ كَفَرُوا ۚ فَوَيْلٌ لِّلَّذِينَ كَفَرُوا مِنَ النَّارِ ﴿٢٧﴾

28 Apa para kang padha angèstu sarta alaku becik iki Ingsun gawé padha karo wong kang padha agawé wisuna ing bumi? Apa wong kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala) Ingsun gawé padha karo wong ala?

أَمْ نَجْعَلُ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ كَالْمُفْسِدِينَ فِي الْأَرْضِ أَمْ نَجْعَلُ الْمُتَّقِينَ كَالْفُجَّارِ ﴿٢٨﴾

29 (Iki) Kitab, Ingsun turunaké marang sira, kebak isi kabecikan,[2138] dimèn dhèwèké padha angangen-angena ayat-ayaté sarta dimèn para kang padha kasinungan akal padha mikir-mikir.

كِتَابٌ أَنزَلْنَاهُ إِلَيْكَ مُبَارَكٌ لِّيَدَّبَّرُوا آيَاتِهِ وَلِيَتَذَكَّرَ أُولُو الْأَلْبَابِ ﴿٢٩﴾

30 Lan Dawud wus Ingsun paringi Sulaiman; linuwih kawula iku! Sayekti dhèwèké iku tansah madhep (ing Allah).

وَوَهَبْنَا لِدَاوُودَ سُلَيْمَانَ ۚ نِعْمَ الْعَبْدُ ۖ إِنَّهُ أَوَّابٌ ﴿٣٠﴾

31 Nalika (jaran-jaran) dipriksakaké marang dhèwèké ing wayah soré, anteng manawa *mandheg*,[2139] rikat manawa lumayu.

Ut. *ngadeg*

إِذْ عُرِضَ عَلَيْهِ بِالْعَشِيِّ الصَّافِنَاتُ الْجِيَادُ ﴿٣١﴾

32 Tumuli acalathu: Sayekti aku iki dhemen barang kang becik karana éling marang Pangéranku nganti (si jaran) sumamar déning aling-aling, (acalathuné):

فَقَالَ إِنِّي أَحْبَبْتُ حُبَّ الْخَيْرِ عَن ذِكْرِ رَبِّي حَتَّىٰ تَوَارَتْ بِالْحِجَابِ ﴿٣٢﴾

2137. Para angèstu angsal tuntunaning piwulang, bilih manusa punika tanggel jawab dhateng sadaya pandamelipun, tuwin angsal tuntunaning piwulang, bilih sabarang ingkang wonten ing langit tuwin ing bumi, punika sadaya sami mengku hikmah. Kosokwangsulipun para kafir, sami damel wisuna, awit piyambakipun boten sami ngrumaosi bilih piyambakipun boten badhé manggih kawusanan awon margi saking anggènipun damel wisuna wau, dados punika ateges bilih piyambakipun boten anggapé dhateng angger-anggering "sebab lan musabab" – "sabab lan temahanipun" ingkang tumindhak wonten ing jagad punika.

2138. *Mubârak* punika tegesipun *binarkahan*, sarta ugi ateges *kathah sanget kasaénanipun* (LL).

2139. *Shâfinât* punika *jama'*-ipun tembung *shâfin*, tegesipun *kapal ingkang ngadeg mawi sukunipun tiga tuwin pucuking tracak ing sukunipun ingkang angka sakawan*. Dados tembung wau ateges kapal ingkang anteng manawi pinuju ngadeg.

Ar. *marang aku*

33 Padha balèkna *mréné;* tumuli dielus-elus sikilé lan guluné.[2140]

رُدُّوهَا عَلَيَّ ۖ فَطَفِقَ مَسْحًا بِالسُّوقِ وَالْأَعْنَاقِ ﴿٣٣﴾

Ut. *badan wadhag*

34 Lan sayekti temen Ingsun anglèlèr Sulaiman, sarta kang Ingsun dèkèkaké ing dhampar-palungguhané (ora liya kajaba mung) *jasad*,[2141] tumuli dhèwèké madhep (marang Allah).

وَلَقَدْ فَتَنَّا سُلَيْمَانَ وَأَلْقَيْنَا عَلَىٰ كُرْسِيِّهِ جَسَدًا ثُمَّ أَنَابَ ﴿٣٤﴾

35 Unjuké: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing ngapunten ing kawula, saha mugi Tuwan aparing karaton ing kawula, ingkang boten mungguh tumrap tiyang satunggal-tunggala sapengker kawula (yèn ta marisa);[2142] saèstu

قَالَ رَبِّ اغْفِرْ لِي وَهَبْ لِي مُلْكًا لَا يَنْبَغِي لِأَحَدٍ مِنْ بَعْدِي ۖ إِنَّكَ

2140. Tetembungan ingkang cetha-pratéla punika, dipun pracéka dados dodongèngan ngayawara, ingkang anyariyosaken, bilih Kanjeng Nabi Sulaiman duka yayah sinipi margi kapal-kapal lalangenipun murugaken panjenenganipun kasép anggènipun salat ing wanci siang, milanipun kapal-kapal wau lajeng dipun kethoki suku tuwin gulunipun, ngantos sajakipun makaten kapal-kapal wau ingkang lepat, sanès panjenenganipun piyambak. Nanging Quran babar pisan boten mangandikakaken bilih Kanjeng Nabi Sulaiman nglirwakaken salat margi ketungkul mirsani kapal; makaten ugi Quran inggih boten mangangandikakaken bilih panjenenganipun ngethoki suku tuwin gulunipun kapal-kapal wau. مسح شيئا punika tegesipun *ngusapi satunggaling barang mawi tangan,* utawi ngelus-elusaken tangan dhateng barang wau. Kapal, punika mesthi dipun elus-elus sukunipun lan gulunipun samangsa bibar ambalap. Lah inggih makaten punika ingkang katindakaken déning Kanjeng Nabi Sulaiman. Dados ingkang dipun anggé bumbu damel dodongèngan ingkang anèh wau boten saking Quran asalipun. Déné tembung توارت بالحجاب punika kanggé nembungaken kapal-kapal wau, jalaran manawi ambalap kalangkung déning santer plajengipun, ngantos akethap-kethap lan sumingid saking nétranipun Kanjeng Nabi Sulaiman. Dados manawi tetembungan wau kaanggep wangsul dhateng surya, nama mrakosa tetembungan ingkang pancènipun sampun terang gamblang, saya malih manawi angèngeti, bilih ing ngriki utawi ing pundi kémawon ing surat punika, babar pisan boten wonten ingkang nyebutaken surya.

2141. Sajakipun Kanjeng Nabi Sulaiman sampun uninga bilih ingkang putra Rehabeam, ingkang calon sumilih keprabon, punika boten saged nyepeng papréntahan; milanipun, sareng Kanjeng Nabi Sulaiman pirsa titik-titikanipun karajan badhé pecah-pecah, utawi sareng kaparingan pirsa bab prakawis punika wahyuning Pangéran, panjenenganipun lajeng wangsul dhateng Aliah. Awak-awakan thok ingkang kapasang wonten ing damparipun Kanjeng Nabi Sulaiman, punika saged mengku teges ingkang putra Rehabeam, ingkang déning sadaya panceripun Israil boten dipun bektèni, kajawi namung pancer satunggal ingkang tetep setya (Para Raja 12: 17), utawi saged mengku teges Yerobeam, inggih punika panuntuning tiyang Israil ingkang mirong dhateng dharah Dawud: Yerobeam wau sareng jumeneng dados ratunipun pancer Israil sadasa, lajeng damel sesembahan-brahala wonten ing Dan tuwin ing Bethel, awujud pedhèt kakalih, ingkang kaanggep recanipun Yéhuwah (Para Raja 12: 28), tuwin lajeng nyembah brahala reca sisingèn (I Para Raja 14: 9). Dados kakalihipun, Rehabeam tuwin Yerobeam, sami déné nocogi kaliyan sisifatan awak-awakan (kang tanpa nyawa) ingkang kapasang wonten ing dhamparipun Kanjeng Nabi Sulaiman. Mirsanana ugi 2029.

2142. Ayat ingkang sampun mangandikakaken bab prakawis sèkèngipun putranipun Kanjeng Nabi Sulaiman ingkang badhé sumilih keprabon nata. Milanipun, ing ngriki kasebutaken panyuwunipun

أَنْتَ الْوَهَّابُ ۝٣٥

Tuwan punika Ingkang agung-ing-Paparing.

فَسَخَّرْنَا لَهُ الرِّيحَ تَجْرِي بِأَمْرِهِ
رُخَاءً حَيْثُ أَصَابَ ۝٣٦

36 Tumuli Ingsun ambangun turutaké angin marang dhèwèké; midid saparéntahé kalawan alon, marang ngendi baé sakarepé,

وَالشَّيَاطِينَ كُلَّ بَنَّاءٍ وَغَوَّاصٍ ۝٣٧

Ar. *lan*

37 *Mangkono uga* para sétan, sakèhing ahli yayasan sarta juru silem,

وَآخَرِينَ مُقَرَّنِينَ فِي الْأَصْفَادِ ۝٣٨

38 Sarta liyané manèh, padha binalenggu ing ranté.[2143]

هَٰذَا عَطَاؤُنَا فَامْنُنْ أَوْ أَمْسِكْ
بِغَيْرِ حِسَابٍ ۝٣٩

39 Iki paparing-Ingsun – mulané sira wèwèhna utawa sira kekera – kalawan tanpa pétung.

وَإِنَّ لَهُ عِنْدَنَا لَزُلْفَىٰ وَحُسْنَ مَآبٍ ۝٤٠

40 Lan sayekti temen dhèwèké iku sinungan parek ing ngarsa-Ningsun sarta pangungsèn kang linuwih.

RUKU' 4

Nabi Ayyub tuwin kamenanganipun para tulus

41-44. Nabi Ayyub dipun ganjar saking sabaripun. 45-54. Para kawula ingkang tulus sadaya dipun ganjar. 55-58. Ingkang milawani sami dhumawah ing cintraka. 59-64. Para ingkang adamel risak saking tutuh-tinutuh.

وَاذْكُرْ عَبْدَنَا أَيُّوبَ إِذْ نَادَىٰ رَبَّهُ
أَنِّي مَسَّنِيَ الشَّيْطَانُ بِنُصْبٍ وَعَذَابٍ ۝٤١

41 Lan angélingana kawula-Ningsun Ayyub, nalikané anguwuh Pangérané: Sétan punika anusah-aken kawula kalayan *angrekaos-aken* sarta sakit.[2144]

Ar. *lesah*

Kanjeng Nabi Sulaiman karaton ruhani, awit ngemungaken karaton ruhani punika kémawon, ingkang genah sampun boten saged dipun risaki warisipun. Ing sasédanipun Kanjeng Nabi Sulaiman, Kaluhuraning karatonipun donya boten lastantun.

2143. Katrangan sisifatanipun *sétan-sétan* ingkang kasebutaken ing ngriki punika anedahaken kalayan terang, bilih sesebutan, 'sétan-sétan' wau kanggé mastani titiyang bangsa ngamonca ingkang dipun telukaken Kanjeng Nabi Sulaiman, awit inggih tiyang bangsa ngamonca wau ingkang dipun peksa kapurih nyambut damel Kanjeng Nabi Sulaiman. Dados awit saking punika, dhawuh *sarupané ahli yayasan lan juru-silem* punika nedahaken kalayan terang, bilih jin lan sétan ingkang kacariyosaken dipun telukaken Kanjeng Nabi Sulaiman, punika boten sanès inggih manusa blaka. Bab punika ugi kabuktèn malih dhawuh ingkang mungel *diblenggu kalawan ranté*; jalaran titah boten wadhag ingkang sinebut sétan-sétan lan jin, punika boten kok dipun blenggu mawi ranté. Ranté, punika namung kénging kanggé amblenggu titah wadhag kados déné manusa makaten. Mirsanana ugi 2027.

2144. Cariyosipun Kanjeng Nabi Ayub kaandharaken wonten ing ngriki tuwin ing surat ingkang kaping 21; namung ing ngriku langkung cekak katimbang ing ngriki. Déné andharanipun Quran bab

42 Angetabna kalawan sikilira; iki padusan kang adhem sarta ombèn.[2145]

ٱرْكُضْ بِرِجْلِكَ ۖ هَٰذَا مُغْتَسَلٌۢ بَارِدٌ وَشَرَابٌ ﴿٤٢﴾

43 Lan kulawargané Ingsun paringaké marang dhèwèké, apa déné panunggalané *iku* sapadhané *iku*,[2146] dumunung wilasa saka Ingsun sarta pépéling tumrap para kang ana akalé.

Ar. *dhèwèké kabèh*

وَوَهَبْنَا لَهُۥٓ أَهْلَهُۥ وَمِثْلَهُم مَّعَهُمْ رَحْمَةً مِّنَّا وَذِكْرَىٰ لِأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿٤٣﴾

Kanjeng Nabi Ayub, punika namung makaten: panjenenganipun punika tiyang tulus ingkang nandhang sawenèh rekaos, nanging tetep sabar salebetipun nandhang cobi wau, wasana panjenenganipun lajeng kaentasaken saking kasangsaranipun. Lalampahan sugengipun Kanjeng Nabi Ayub wau sadaya namung kaandharaken kalayan ringkes sanget. Gubahan ingkang sinawung ing kidung, ingkang isi kawan dasa kalih bab, ingkang misuwuripun winastan “Serat Ayub” punika ing Quran Suci boten wonten.

Ambokmanawi kémawon sayah lan sangsara ingkang dipun sambataken Kanjeng Nabi Ayub, punika margi anggènipun lalana nrajang saganten wedhi; ing ngriku panjenenganipun manggih rekaos, margi sayah tuwin kasatan. Kathah kawontenan-kawontenan ingkang kénging kanggé pasaksèn pupuntoning pamanggih ingkang makaten punika. Tembung *nushb*, ingkang ateges sayah utawi kesel, punika salah satunggalipun ingkang kénging dipun anggé pasaksèn wau. Pasaksèn sanèsipun, inggih punika kanggé ngusadani punika, panjenenganipun dipun tuntun dhateng papan padusan ingkang asrep tuwin ombèn-ombèn. Pasaksèn ingkang angka tiga, sétan (*syaithân*) kasebutaken gagayutan kaliyan riribed ingkang kasandhang Kanjeng Nabi Ayub; mangka شيطان الخلا ingkang wantahipun ateges *sétané sagara wedhi* punika tegesipun *ngelak* (Q-LL). Sampun boten wonten semang-semangipun malih, lalampahipun Kanjeng Nabi Ayub ingkang ngrekaosaken kasebutaken, punika nyasmitani badhé tindakipun ingkang tebih Kanjeng Nabi saking Makkah dhateng Madinah ingkang katindakaken salebetipun nandhang kawontenan ingkang ngrekaosaken.

2145. اركض برجلك ingkang wantahipun ateges *angetabna kalawan sikilira,* punika tegesipun, *anggebraga jaranira*. Tembung *rakadla* punika mligi dipun anggé tumrap dhateng kèwan, tegesipun, kados katranganipun LL, makaten anggebraga kados tiyang anggebrag kèwan (IAs). Sadaya kitab bausastra sami anerangaken panganggénipun ingkang mligi kados makaten punika, sarana nyukani nyukani tuladha-tuladha kanggénipun tembung wau. Kadosta ركضت الفرس برجلي jawinipun aku anggebrag jaran kalawan sikilku supaya lumayu (S, O, Msb-LL). Tuladha malih, ركض الدابة برجل jawinipun *Dhèwèké anggebrag kèwan kalawan sikil kanggo ngatag kèwan mau* (LL). Dados awit saking punika, tegesipun dhawuh *punika gebragen jaranira supaya lumaku terus*, déné angsalan-angsalanipun, panjenenganipun lajeng manggih panggènan kanggé nyenyeger sarira kanggé ngunjuk tuwin kanggé siram. Kanjeng Nabi Ayub kagungan panginten bilih panjenenganipun dumunung wonten ing saganten wedhi ingkang boten wonten toyanipun, sarta panjenenganipun ngadhuh dhateng Pangéran déning nandhang sayah margi lalampah tebih tuwin ngelak ingkang sanget. Pangéran lajeng dhawuh supados panjenenganipun anggebrag kapalipun utawi kèwan tutumpakanipun, supados lumampah terus dumugi ing panggènan ingkang kénging dipun leremi panjenenganipun. Punika satunggaling piwulang tiyang boten kénging nglokro samangsa manggih rekaos.

2146. *Ahla-hu* punika saged ateges *kaumipun utawi brayatipun*. Déné *ahli* kaparingaken dhateng panjenenganipun, punika tegesipun *panjenenganipun kawangsulaken dhateng ahlinipun wau saking anggènipun lalana tebih*, kados déné ingkang kasebutaken ing ayat ingkang sampun wau. Déné *mitslahum* utawi padhane, punika saged mengku teges, bilih panjenenganipun kawangsulaken dhateng pandhèrèk-pandhèrèkipun, ingkang kawontenanipun langkung kathah cacahipun katimbang nalika katilar, utawi saged mengku teges, bilih panjenenganipun kaparingan brayat langkung kathah, sarana kaparingan putra malih .

44 Lan angalapa barang-barang donya sawatara, banjur di narima marang iku, sarta aja tumiyung marang apa kang ora bener;[2147]
Ar. *temu* — sayekti Ingsun *uningani* dhèwèké iku sabar; linuwih abdi iku; sayekti dhèwèké iku tansah bali marang Allah.

وَخُذْ بِيَدِكَ ضِغْثًا فَاضْرِبْ بِّهٖ وَلَا تَحْنَثْ ۗ اِنَّا وَجَدْنٰهُ صَابِرًا ۗ نِعْمَ الْعَبْدُ ۗ اِنَّهٗٓ اَوَّابٌ ﴿٤٤﴾

45 Sarta angélingana kawula-Ningsun Ibrahim lan Ishaq sarta Ya'kub, wong kang padha duwé kakuwatan sarta titis ing pandulu.

وَاذْكُرْ عِبٰدَنَآ اِبْرٰهِيْمَ وَاِسْحٰقَ وَيَعْقُوْبَ اُولِى الْاَيْدِىْ وَالْاَبْصَارِ ﴿٤٥﴾

46 Sayekti, dhèwèké wus padha Ingsun resiki kalawan sifat resik, éling ing padunungan (kang wekasan).

اِنَّآ اَخْلَصْنٰهُمْ بِخَالِصَةٍ ذِكْرَى الدَّارِ ﴿٤٦﴾

47 Lan sayekti, dhèwèké iku ana ing ngarsa-Ningsun, panunggalané para pinilih, para utama.

وَاِنَّهُمْ عِنْدَنَا لَمِنَ الْمُصْطَفَيْنَ الْاَخْيَارِ ﴿٤٧﴾

2147. Ukara punika mengku pratélan warni tiga, ingkang limrahipun tiga pisan wau dipun suraos sacara kalèntu. Para mufassir sami kémawon anggènipun nafsiri ukara punika, inggih punika sarana migunakaken dodongèngan. Cacariosipun Kanjeng Nabi Ayub prasetya badhé midana ingkang garwa kalayan dipun gebagi kaping satus, sarta ing wasananipun supaosipun wau dipun tetepi saèstu, Kanjeng Nabi Ayub anggebagi ingkang garwa kaping satus mawi bongkokan suket garing ingkang kacampuran panging tataneman ingkang alit-alit. Quran Suci tuwin hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang kénging pinitados boten wonten sakedhik-kedhika ingkang nyebutaken dodongengan wau Pratélan ingkang sapisan mungel خذ بيدك ضغثا Leres, tembung *dligts* punika pancèn wonten ingkang ateges bongkokan *kajeng garing* (*rencekan*); nanging tembung wau ugi gadhah teges sanès-sanèsipun malih, dados tiyang ingkang anjarwakaken kedah saged milih, pundi teges ingkang cocog kaliyan suraosing dhawuh, lan kedah saged negesi dhawuh wau kalayan teges ingkang cocog kaliyan nalar, boten kok lajeng damel-damel dodongèngan kanggé nafsiri dhawuh wau. Ing satunggaling haditsipun Kanjeng Nabi, wonten tetembungan ingkang kados makaten wau; ing ngriku tembung, اخذ الضغث dipun terangaken mengku teges من نال من الدنيا شيئا jawinipun *wong kang olèh barang saka barang-barang ing donya* (IAs). Hadits wau ugi katerangaken TA makaten منهم الا خذ الضغث jawinipun *ing antarane dhèwèké ana kang olèh barang-barang donya sawatara*. Tembung *akhadha* lan *dligts* makaten punika, ingkang kagem wonten ing Quran Suci; dados manawi makaten, ukara ing ayat ngriki punika boten sanès kajawi mengku teges, bilih Kanjeng Nabi Ayub kaparingan barang-barang ing donya sawatawis.

Sapunika kantun tembung لا تحنث ingkang perlu katerangaken. Punika inggih boten sisah angèl-angèlan, awit *hanatsa* punika cetha ateges *tumiyung saka barang kang bener marang barang kang luput* (S-LL). Déné suraosing dhawuh. Kanjeng Nabi Ayub kadhawuhan sampun ngantos tumiyung dhateng awon samangsa kaparingan kasugihan. Dados ayat 41 mangandikakaken kasusahan

a. 1649

48 Lan angélingana Ismail lan Al-Yasa' apa déné Dhulkifli,[a] lan kabèh iku panunggalané para utama.

وَاذْكُرْ إِسْمَاعِيلَ وَالْيَسَعَ وَذَا الْكِفْلِ ۖ وَكُلٌّ مِّنَ الْأَخْيَارِ ﴿٤٨﴾

49 Iki sawijining péling; lan sayekti, temen ana pangungsèn kang becik tumrap kang para anjaga dhiriné (saka ing ala),

هَٰذَا ذِكْرٌ ۚ وَإِنَّ لِلْمُتَّقِينَ لَحُسْنَ مَآبٍ ﴿٤٩﴾

50 Patamanan kang langgeng, lawang-lawangé padha menga tumrap dhèwèké.[2148]

جَنَّاتِ عَدْنٍ مُّفَتَّحَةً لَّهُمُ الْأَبْوَابُ ﴿٥٠﴾

51 Ana ing kono padha aléléyangan, ana ing kono padha nguwuh *linadènana* wowohan akèh sarta ombèn-ombèn.

Ar. *kalawan*

مُتَّكِئِينَ فِيهَا يَدْعُونَ فِيهَا بِفَاكِهَةٍ كَثِيرَةٍ وَشَرَابٍ ﴿٥١﴾

52 Lan ing sandhingé ana para kang padha menggak panyawangé,[a] apapantaran ing umur.[2148A]

a. 2110

وَعِندَهُمْ قَاصِرَاتُ الطَّرْفِ أَتْرَابٌ ﴿٥٢﴾

53 Iki barang kang dijanjèkaké sira ing dinaning pètungan.

هَٰذَا مَا تُوعَدُونَ لِيَوْمِ الْحِسَابِ ﴿٥٣﴾

54 Sayekti iki rijeki-Ningsun: ora bakal ana pungkasané.

إِنَّ هَٰذَا لَرِزْقُنَا مَا لَهُ مِن نَّفَادٍ ﴿٥٤﴾

55 Iki (bakal kaya mangkono); lan sayekti bagéané para kang padha ambalasar iku temen pangungsèn kang ala:

هَٰذَا ۚ وَإِنَّ لِلطَّاغِينَ لَشَرَّ مَآبٍ ﴿٥٥﴾

56 Naraka; dhèwèké bakal padha nyemplung kono lah ala palèrènan iku.

جَهَنَّمَ يَصْلَوْنَهَا ۖ فَبِئْسَ الْمِهَادُ ﴿٥٦﴾

---

wau ingkang kasandhang Kanjeng Nabi Ayub, ayat 42 kabiratipun kasusahan wau, ayat 43 mangandikakaken kepanggihipun Kanjeng Nabi Ayub kaliyan brayatipun, tuwin ayat 44 mangandikakaken anggènipun Kanjeng Nabi Ayub angsal kedonyan.

2148. Terangipun, kontening suwarga sami kabikak tumrap para titiyang wau ing gesang sapunika punika ugi; utawi, konten-konten wau tansah kabikak ngeblak tumrap para titiyang wau.

2148A. Punapa tegesipun kang padha mekak pandelengé punika sampun katerangaken wonten ing 2110. Namung ing ngriki mawi katerangaken racak umuripun. Punika minangka kanggé anedahaken, bilih tuwuhipun sadaya wau sareng kaliyan wiwit tumuwuhing gesang ruhaninipun manusa, dados anedahaken bilih sadaya wau wohing pandamel saé, sami ugi punapa ingkang katindakaken ing tiyang jaler, punapa ingkang katindakaken ing tiyang èstri ; sadaya racak badhé angsal woh wau.

هٰذَا ۙ فَلْيَذُوقُوهُ حَمِيمٌ وَغَسَّاقٌ ﴿٥٧﴾

57 Iki (bakal kaya mangkono); mulané dimèn padha dirasakaké, (ombèn) kang umob sarta (ombèn) kang kaliwat-liwat bangeting adhemé.[2149]

وَآخَرُ مِنْ شَكْلِهِ أَزْوَاجٌ ﴿٥٨﴾

58 Sarta siksa liyané sajinisé iku mawarna-warna.

هٰذَا فَوْجٌ مُقْتَحِمٌ مَعَكُمْ ۖ لَا مَرْحَبًا بِهِمْ ۚ إِنَّهُمْ صَالُو النَّارِ ﴿٥٩﴾

59 Iki gegrombolan kang tanpa tolèh anggebyur anyartani sira; ora ana pambagé slamet marang dhèwèké; sayekti dhèwèké iku bakal padha anyemplung ing geni.

قَالُوا بَلْ أَنْتُمْ لَا مَرْحَبًا بِكُمْ ۖ أَنْتُمْ قَدَّمْتُمُوهُ لَنَا ۖ فَبِئْسَ الْقَرَارُ ﴿٦٠﴾

60 Bakal padha calathu:[2149A] balik malah kowé – ora ana pambagé slamet marang kowé, kowé sing *marakaké* iki marang aku; lah ala padunungan iki.

Ar. *andhisikaké*

قَالُوا رَبَّنَا مَنْ قَدَّمَ لَنَا هٰذَا فَزِدْهُ عَذَابًا ضِعْفًا فِي النَّارِ ﴿٦١﴾

61 Dhèwèké bakal padha munjuk: Pangéran kawula! sinten ingkang *amurugaken* punika dhateng kawula, lah mugi Tuwan mewahi siksa tikel ing latu.

Ar. *angrumiyinaken*

وَقَالُوا مَا لَنَا لَا نَرَىٰ رِجَالًا كُنَّا نَعُدُّهُمْ مِنَ الْأَشْرَارِ ﴿٦٢﴾

62 Lan dhèwèké bakal padha calathu: apa karanané aku iki, déné aku padha ora andeleng wong-wong kang adaté padha dakpétung wong ala?

أَتَّخَذْنَاهُمْ سِخْرِيًّا أَمْ زَاغَتْ عَنْهُمُ الْأَبْصَارُ ﴿٦٣﴾

63 Apa (mung) déning dhèwèké biyèn padha dakinakaké apa pandelengku sing (saiki) katambuhan marang dhèwèké?

2149. Tembung *gassâq*, ingkang limrahipun dipun jarwani *nanah-wuk*, punika sajatosipun sifatipun *ombèn-ombèn* (kasuraos kados déné lenggahipun tembung *hamîm*, ingkang jawinipum umob), déné tegesipun asrep ingkang sakalangkung sanget (I'Ab, IMsd-TA). Sarta ugi ateges *agganda badheg* (S-LL), nanging rèhning kasebutipun sasarengan kaliyan tembung *hamîm* utawi *umob*, mila teges kados ingkang kanggé anjarwani ayat punika, langkung nocogi kaliyan suraosing dhawuh. Para titiyang wau badhé kaombènan ombèn-ombèn ingkang sakalangkung bentèr tuwin ingkang sakalangkung déning asrep, jalaran para titiyang wau sami keladuk kemrikanen lan kemrikenen, boten sami anut margi ingkang tengah-tengah.

2149A. Ingkang ngucap makaten punika para ringkih ingkang sami manut, déné ingkang katuju ing

64 Sayekti iki temen barang nyata: Diya-diniyané para kang manggon ing geni.

إِنَّ ذَٰلِكَ لَحَقٌّ تَخَاصُمُ أَهْلِ النَّارِ ﴿٦٤﴾

RUKU' 5

Panglawan dhateng para Nabi

65-68. Pèpèngetipun Nabi. 69, 70. Pancasan saking nginggil. 71-85. Panglawanipun sétan dhateng Adam punika angepleki kawontenanipun kelampahan panglawan dhateng para Nabi. 86-88. Nyataning wahananipun weca badhé kababar kaliyan cetha pratéla.

65 Calathua: Aku iki mung juru-pépéling sarta ora ana sawiji sesembahan kajaba Allah, Ingkang-Mahatunggal, Ingkang-Amisésa (ing samubarang).

قُلْ إِنَّمَا أَنَا مُنذِرٌ ۖ وَمَا مِنْ إِلَٰهٍ إِلَّا اللَّهُ الْوَاحِدُ الْقَهَّارُ ﴿٦٥﴾

66 Pangéraning langit-langit lan bumi sarta barang kang ana ing saantarané, Ingkang-kinawasa Ingkang-Aparamarta.

رَبُّ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا الْعَزِيزُ الْغَفَّارُ ﴿٦٦﴾

Ut. *undang, pawarta*

67 Calathua: Iku *ayahan* kang gedhé.[2150]

قُلْ هُوَ نَبَأٌ عَظِيمٌ ﴿٦٧﴾

68 (Lan) sira padha maléngos saka ing kono:

أَنتُمْ عَنْهُ مُعْرِضُونَ ﴿٦٨﴾

69 Aku ora kasinungan kawruh prakara panggedhé-panggedhé kang linuhur nalikané padha diya-diniya;[2151]

مَا كَانَ لِيَ مِنْ عِلْمٍ بِالْمَلَإِ الْأَعْلَىٰ إِذْ يَخْتَصِمُونَ ﴿٦٩﴾

70 Ora liya kang winedharaké marang aku kajaba déné aku iki juru-pépéling kang terang.

إِن يُوحَىٰ إِلَيَّ إِلَّا أَنَّمَا أَنَا نَذِيرٌ مُّبِينٌ ﴿٧٠﴾

---

pangucap wau, para bénggol bénggolipun (para panuntunipun awon). Para ingkang sami manut wau, wonten ing ayat sadèrèngipun kapangandikakaken *wadya-bala kang anut grubyug karo kowé*.

2150. Pawartos ingkang wigatos, inggih punika piweca badhé tumpesipun babar pisan para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Suci. Nanging kula aturi rnirsani ugi 2640.

2151."Para panggedhé kang linuhur" punika para titah ing langit, ingkang manawi wonten satunggaling nabi ingkang badhé kajumenengaken mangertos langkung rumiyin, awit sadaya prakawis punika sadèrèngipun kelampahan wonten ing bumi, kaputus langkung rumiyin wonten ing langit. Diya-diniya punika diya-diniya punapa, kasebutaken wonten ing ayat-ayat candhakipun.

a. 47	71 Nalika Pangéranira ngandika marang para malaikat:[a] Sayekti Ingsun lagi anitahaké manusa saka lebu:[2152]	إِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلَٰٓئِكَةِ إِنِّي خَٰلِقٌۢ بَشَرًا مِّن طِينٍ ٧١
Ut. *bibisik* a. 56	72 Lah bareng iku wus Ingsun gawé sampurna sarta ing jeroné wus Ingsun tiyup kalawan *Ruh-Ingsun*, tumuli padha tumundhuka marang dhèwèké, sumujud.[a]	فَإِذَا سَوَّيْتُهُۥ وَنَفَخْتُ فِيهِ مِن رُّوحِي فَقَعُوا۟ لَهُۥ سَٰجِدِينَ ٧٢
	73 Tumuli sakèhing malaikat padha sujud kabèh.	فَسَجَدَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ كُلُّهُمْ أَجْمَعُونَ ٧٣
b. 57, 581	74 Nanging iblis ora;[b] dhèwèké gumedhé sarta kalebu panunggalané para kafir.	إِلَّآ إِبْلِيسَ ٱسْتَكْبَرَ وَكَانَ مِنَ ٱلْكَٰفِرِينَ ٧٤
	75 Panjenenganané ngandika: É, iblis! apa sababé déné sira emoh sujud marang apa kang Ingsun titahaké kalawan asta-Ningsun? Sira iku gumedhé apa sira iku saka golonganing para luhur?	قَالَ يَٰٓإِبْلِيسُ مَا مَنَعَكَ أَن تَسْجُدَ لِمَا خَلَقْتُ بِيَدَيَّ أَسْتَكْبَرْتَ أَمْ كُنتَ مِنَ ٱلْعَالِينَ ٧٥
	76 Unjuké: Kula punika langkung saé tinimbang piyambakipun; kula punika Tuwan titahaken saking latu sarta piyambakipun Tuwan titahaken saking lebu.[2153]	قَالَ أَنَا۠ خَيْرٌ مِّنْهُ خَلَقْتَنِي مِن نَّارٍ وَخَلَقْتَهُۥ مِن طِينٍ ٧٦
	77 Panjenengané ngandika: Mulané metua saka ing kono amarga sayekti sira iku tinundhung.	قَالَ فَٱخْرُجْ مِنْهَا فَإِنَّكَ رَجِيمٌ ٧٧

2152. Kula aturi mèngeti sasambetanipun kaliyan ayat ingkang sampun. Ing ayat ingkang sampun wau, ingkang dipun pangandikakaken bab anggènipun para pangageng ingkang linuhung sami diya-diniya bab prakawis rawuhipun Kanjeng Nabi Suci; ayat candhakipun, inggih punika ayat punika, kénging winastan nerangaken bab prakawis punika. Tumitahipun Adam tuwin telukipun para malaikat, punika minangka citraning jumenengipun satunggaling nabi tuwin telukipun para titiyang saé tuwin titiyang tulus dhateng nabi wau. Manusa ingkang katitahaken saking lebu punika Kanjeng Nabi Muhammad saw., déné para malaikat ingkang sami sujud punika para sahabatipun Sinuci Kanjeng Nabi. Wondéné roh awon (sétan) ingkang nuntun tiyang kathah dhateng sasar, punika para panuntun ingkang sami andaga, ingkang sami sumpah sumedya milawani ing Kanjeng Nabi tuwin nasaraken tiyang kathah. Déné dintening tinangèkaken, punika dinten nalika tiyang byuk-byukan lumebet Islam, ing sasampunipun mengsah lebur babar pisan.

2153. Katitahaken saking latu punika kanggé anedahaken wawatekanipun remen andaga tuwin wawatekan panas-baranan, déné katitahaken saking lebu punika mengku teges ruruh tuwin sumarah.

78 Lan sayekti wewelak-Ingsun anibani sira tumeka ing dina pancasan.

وَّإِنَّ عَلَيْكَ لَعْنَتِيٓ إِلَىٰ يَوْمِ الدِّينِ ﴿٧٨﴾

79 Unjuké: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing sumené ing kawula ngantos dumugi dintenipun
a. 1338 piyambakipun sami tinangèkaken.[a]

قَالَ رَبِّ فَأَنظِرْنِيٓ إِلَىٰ يَوْمِ يُبْعَثُونَ ﴿٧٩﴾

80 Pangandika-Né: Lah sayekti sira iku panunggalané para kang kaparingan sumené.

قَالَ فَإِنَّكَ مِنَ الْمُنظَرِينَ ﴿٨٠﴾

81 Nganti tumeka dinané wayah
b. 1338 kang kinawruhan.[b]

إِلَىٰ يَوْمِ الْوَقْتِ الْمَعْلُومِ ﴿٨١﴾

82 Unjuké: Manawi makaten, dhemi panguwasa Tuwan, saèstu piyambakipun badhé kawula
Ut. *sasar-aken* damel *ambalasar* gesangipun,[c]
c. 1609 sadaya.

قَالَ فَبِعِزَّتِكَ لَأُغْوِيَنَّهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٨٢﴾

83 Kajawi para kawula Tuwan panunggilanipun para sinuci.

إِلَّا عِبَادَكَ مِنْهُمُ الْمُخْلَصِينَ ﴿٨٣﴾

84 Panjenengané ngandika: Lah (iki) kasunyatan, sarta kasunyatan pangandika-Ningsun.

قَالَ فَالْحَقُّ وَالْحَقَّ أَقُولُ ﴿٨٤﴾

85 (Yaiku), sayekti temen Ingsun arsa angisèni naraka nganggo sira lan nganggo panunggalané endi kang padha manut ing sira, kabèh.

لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنكَ وَمِمَّن تَبِعَكَ مِنْهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٨٥﴾

86 Sira dhawuha ingatasé iku aku ora anjaluk pituwas marang sira; sarta aku iki dudu panunggalané wong padha gawé-gawé:

قُلْ مَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ وَمَآ أَنَا۠ مِنَ الْمُتَكَلِّفِينَ ﴿٨٦﴾

87 Iku ora liya kajaba pépéling tumrap sakèhing bangsa:

إِنْ هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعَٰلَمِينَ ﴿٨٧﴾

88 Lan sayekti, temen sira bakal weruh pawartané iku sawisé sawatara mangsa.

وَلَتَعْلَمُنَّ نَبَأَهُۥ بَعْدَ حِينٍۭ ﴿٨٨﴾

اٰيَاتُهَا ٧٥ (٣٩) سُوْرَةُ الزُّمَرِ مَكِّيَّةٌ رُكُوْعَاتُهَا ٨

SURAT 39

AZ-ZUMAR

(*Papanthan-papanthan*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*8 ruku', 75 ayat*)

Pathinipun :

Ruku' 1. Pambangun-turut ing Allah.
Ruku' 2. Para mukmin lan para kafir.
Ruku' 3. Quran Suci punika tuntunan ingkang sampurna.
Ruku' 4. Ingkang sami angemohi badhé dipun asoraken.
Ruku' 5. Riribed badhé boten kénging dipun tulak.
Ruku' 6. Wilasanipun Pangéran.
Ruku' 7. Pancasan ingkang wekasan.
Ruku' 8. Sawarnining papanthan sami angsal punapa ing samesthinipun.

Namanipun

Ingkang dipun karsakaken déning namanipun surat punika, *Az-Zumar,* punika tiyang kalih golongan, inggih punika para angèstu tuwin para kafir, ingkang satunggal purun nampèni yakti, satunggalipun angemohi yakti; nasib ingkang kasandhang déning satunggal-tunggaling golongan wau dados rembag wonten ing surat punika.

Ingkang kawarsitakaken

Urut-urutaning dhawuh sampun terang. Pambangun-turut dhateng Allah kadhawuhaken wonten ing ruku' ingkang kaping sapisan. Tiyang ingkang purun ambangun-turut punika para angèstu, déné tiyang ingkang boten purun ambangun-turut, punika para kafir; kalih golongan punika kapangandikakaken wonten ing ruku' candhakipun. Ruku' ingkang kaping tiga nerangaken bilih Quran punika tuntunan ingkang sampurna, ruku' ingkang kaping sakawan nerangaken bilih tiyang ingkang ngemohi Quran mesthi badhé angsal pidana. Ruku' ingkang kaping gangsal ngiyataken pangandika bab pidananipun para tiyang ingkang sami mbeguguk angemohi, ruku' ingkang kaping nem dhawuh migatosaken dhateng wilasaning Pangéran, ingkang tansah sumedya nuntun para titiyang ingkang purun tobat, milanipun tumrap titiyang dosa boten wonten sababipun yèn ta sami mupus. Kalih ruku' ingkang wingking piyambak mangandikakaken dhumawahing pancasan, inggih punika samangsa satunggal-tunggaling golongan kakalih wau sami dipun icipaken dhateng barang ingkang mesthinipun kedah dados bubuhanipun.

Titimangsaning tumurunipun

Tuwan Muir lan Rodwell sami anggadhahi pamanggih bilih surat punika anggènipun katurunaken nalika jaman Makkah akhir; nanging pamanggih punika boten adhadhasar titimangsa ingkang pinitados. Dhawuh ingkang mengku piweca bab hijrah dhateng Habasyah ingkang kasebut wonten ing ayat 10, dipun suraos klèntu, inggih punika dipun suraos mangandikakaken hijrah dhateng Madinah ingkang kelampahanipun langkung akhir malih; lah inggih panyuraoas kalèntu punika ingkang murugaken tuwan kakalih wau lajeng nitimangsani surat punika langkung akhir. Anggènipun surat punika boten wonten ingkang nyebutaken upaya ingkang ngangkah sédanipun Kanjeng Nabi, mangka surat punika

RUKU' 1

Pambangun turut ing Allah

1-3. Pambangun turut kedah. 4. Allah punika boten kagungan putra. 5, 6. Kawedharing Panjenenganipun wonten ing titah-Ipun. 7. Panjenenganipun apirena dhateng panarimah ingkang dumunung ing manusa. 8. Tiyang anguwuh Allah namung salebetipun nandhang rekaos. 9. Para angèstu kaliyan para boten angèstu punika boten sami.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Dhumawuhing Kitab iku saka ing Allah, Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Wicaksana.

تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ مِنَ اللّٰهِ الْعَزِيْزِ الْحَكِيْمِ ﴿١﴾

2 Sayekti Ingsun wus andhawuhaké Kitab marang sira kalawan kasunyatan; mulané angabdia ing Allah; kalawan murni ing pambangun-turut amarga Panjenenganè.

إِنَّآ أَنْزَلْنَآ إِلَيْكَ الْكِتٰبَ بِالْحَقِّ فَاعْبُدِ اللّٰهَ مُخْلِصًا لَّهُ الدِّيْنَ ﴿٢﴾

3 Lah sayekti marang Allah (piyambak) pambangun turut kang murni iku; *déné* para kang padha angalap kakawal saliyané Panjenenganè, (pangucapé): ora liya anggonku padha manembah marang dhèwèké iku kajaba mung supaya dhèwèké padha anyedhakaké aku marang Allah;[2154] Sayekti Allah bakal mancasi *dhèwèké* ing dalem prakara kang dhèwèké padha apasulayan; sayekti Allah iku ora anuntun sapa wong kang goroh, ora weruh ing panarima.

Ar. *lan*

Ar. *antarané (dhèwèké)*

أَلَا لِلّٰهِ الدِّيْنُ الْخَالِصُ ۚ وَالَّذِيْنَ اتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِهٖٓ أَوْلِيَآءَ ۘ مَا نَعْبُدُهُمْ إِلَّا لِيُقَرِّبُوْنَآ إِلَى اللّٰهِ زُلْفٰى ۗ إِنَّ اللّٰهَ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْ فِيْ مَا هُمْ فِيْهِ يَخْتَلِفُوْنَ ۬ۗ إِنَّ اللّٰهَ لَا يَهْدِيْ مَنْ هُوَ كٰذِبٌ كَفَّارٌ ﴿٣﴾

---

ngrembag panglawan dhateng pakaryanipun, punika dados dalil ingkang kiyat bilih surat punika wahyu ingkang sepuh, dados, boten prabéda lan surat sanès-sanèsipun tumrap golongan punika, surat punika kagolong jaman Makkah wiwitan.

2154. Titiyang Arab sami gadhah pangandel bilih sagedipun nyelak dhateng Pangéran punika namung manawi asarana mawi lantaran brahala-brahalanipun, sarta sami ngaken bilih anggènipun sami nembah brahala punika namung kanggé mamrih keparek ing Pangéran. Punika dipun lepataken Quran Suci, awit makaten punika pangandel kamusyrikan (mangéran kathah). Suprandéné kathah sanget titiyang Muslimin piyambak, ingkang gadhah pangandel ingkang kados makaten wau dhateng *pirpiripun* (para panuntunipun ruhani), tur rumaosipun awakipun piyambak taksih tetep tiyang *muwahhid* (mangéran-satunggal) ingkang mulus.

4 Lamun Allah angarsakna amundhut putra, amasthi milih apa kang wus katitahaké endi kang dadi kapareng-É.[2155] Mahasuci Panjenengané: Panjenengané iku Allah, Ingkang-Mahatunggal, Ingkang-Amisésa (samubarang).

لَوْ أَرَادَ اللَّهُ أَنْ يَتَّخِذَ وَلَدًا لَّاصْطَفَىٰ مِمَّا يَخْلُقُ مَا يَشَاءُ ۚ سُبْحَانَهُ ۖ هُوَ اللَّهُ الْوَاحِدُ الْقَهَّارُ ④

5 Panjenengané wus anitahaké langit-langit lan bumi kalawan kasunyatan; anutupaké wengi ing raina sarta anutupaké raina ing wengi, apa déné Panjenengané ambangun-turutaké srengéngé lan rembulan; *kabèh* lumaku tumeka mangsa kang tinamtu, lah sayekti, Panjenengané iku Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Aparamarta.

Ut. *siji-sijiné*

خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ بِالْحَقِّ ۖ يُكَوِّرُ اللَّيْلَ عَلَى النَّهَارِ وَيُكَوِّرُ النَّهَارَ عَلَى اللَّيْلِ ۖ وَسَخَّرَ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ ۖ كُلٌّ يَجْرِي لِأَجَلٍ مُسَمًّى ۗ أَلَا هُوَ الْعَزِيزُ الْغَفَّارُ ⑤

6 Panjenengané wus anitahaké sira saka awak-awakan sawiji; tumuli adamel jodhoné saka (jinisé) iku,[a] sarta wus *anitahaké* tumrap sira arupa rajakaya wolung jodho.[2156] Panjenengané anitahaké sira ana sajroning wetengé

a. 531
Ar. *anurunaké*

خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ ثُمَّ جَعَلَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَأَنْزَلَ لَكُمْ مِنَ الْأَنْعَامِ ثَمَانِيَةَ أَزْوَاجٍ ۚ يَخْلُقُكُمْ فِي بُطُونِ

2155. Para tukang merdèni Quran bangsa Nasrani gadhah pamanggih bilih dhawuh Quran ing ngriki punika boten mengku teges nyebutaken piwulang bab Kanjeng Nabi ‘Isa dados Allah sang putra. Nanging pamanggih makaten wau klèntu. Surat ingkang tumurun ing Makkah jaman wiwitan pisan sami nyebutaken lan ambantah i’tiqad Nasrani, kadosta surat ingkang kaping 19, ingkang dipun waos titiyang Muslimin ingkang sami ngungsi dhateng nagari Habasyah wonten ing ngarsanipun sang nata Negus, nalika kirang langkung taun ingkang kaping gangsal sasampunipun Kanjeng Nabi tetep dados utusan. Quran anggènipun nyebutaken lepatipun piwulang ingkang mastani Allah puputra, mèh sami kémawon kerepipun kaliyan anggènipun nyebutaken lepatipun piwulang anjèjèri Allah kaliyan brahala-brahala. Déné ingkang dipun isyarahaken wonten ing ngriki, punika makaten: boten wonten satunggal punapa, ingkang mligi dados putranipun Allah; déné ingkang wonten, kawulanipun Allah ingkang pinilih, ingkang piniji langkung ing ngasanès wonten ing antawising makhluk-Ipun, sarta inggih punika ingkang sacara ngibarat kénging sinebut putranipun Allah. Mila makaten, awit para pinilih wau sami ambabar sifat-sifatipun Pangéran, dadosipun para pinilih wau sasambetanipun kaliyan Gusti Allah, kados déné sasambetanipun anak dhateng bapa, punapa déné margi para pinilih wau dados citraning sifat-sifatipun Pangéran wau, milanipun lenggahipun sami, kados déné anak punika dados citraning bapa. Makaten punika ugi cocog sanget kaliyan piwulangipun Bébel, sarta ambrasta ingkang kalayan ambabar pisani i’tiqad Nasrani, ingkang mulangaken bilih Kanjeng Nabi ‘Isa punika putranipun Pangéran, boten kaanggep makhluk (titah), nanging kanggep Khalik. (Ingkang-Nitahaken).

2156. Tembung *anzala* (inggih punika kriyanipun tembung *inzâl*) punika boten ngemungaken kanggé nembungaken *tumuruning* satunggaling barang saking nginggil mangandhap kémawon, nanging ugi kanggé nembungaken barang ingkang *saged ginayuh ing manusa*. TA nerangaken makaten: انزال الشئ قد يكون بنفسه وقد يكون بانزال اسبابه والهداية اليه jawinipun:

biyungira – tumitah sawiji sawisé tumitah sijiné – ing sajroning pepeteng tetelu; iku Allah Pangéranira Karaton iku kagungan-É; ora ana sesembahan kajaba Panjenengané, lah *saka ngendi* anggonmu padha keblinger?

Ut. *kapriyé*

أُمَّهَٰتِكُمْ خَلْقًا مِّنۢ بَعْدِ خَلْقٍ فِى
ظُلُمَٰتٍ ثَلَٰثٍ ۚ ذَٰلِكُمُ ٱللَّهُ رَبُّكُمْ لَهُ
ٱلْمُلْكُ ۖ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ فَأَنَّىٰ تُصْرَفُونَ ⑥

7 Manawa kowé padha *angafiri*, lah sayektiné Allah iku cukup Pribadiné ora kebutuh marang sira; lan Panjenengané ora rena marang anggoné *kafir* para kawula-Né; lan manawa kowé padha atur panuwun, iki Panjenengané rena marang sira; lan *wong* iku ora mikul pipikulaning liyan;[a] tumuli marang Pangéranira balinira, Panjenengané banjur anyartani sira apa kang wus padha sira lakoni; sayekti Panjenengané iku angudanèni apa kang ana sajroné dhadha-dhadha.

Ut. *ora atur panuwun*

Ut. *ora atur panuwun*

Ar. *wong mikul* a. 851

إِن تَكْفُرُوا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَنِىٌّ عَنكُمْ ۖ وَلَا
يَرْضَىٰ لِعِبَادِهِ ٱلْكُفْرَ ۖ وَإِن تَشْكُرُوا۟
يَرْضَهُ لَكُمْ ۗ وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ
أُخْرَىٰ ۗ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُم مَّرْجِعُكُمْ فَيُنَبِّئُكُم
بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ۚ إِنَّهُ عَلِيمٌۢ
بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ⑦

8 Lan samangsa manusa iku *kataman* ing riribed, anguwuh Pangérané, tansah madeg marang Panjenengané; tumuli samangsané dhèwèké pinaringan nugraha saka *ngarsa-Né*, lali panyuwuné marang Panjenengané kang mau, sarta agawé sisihan tumrap ing Allah, amurih anasaraké (para manusa) saka dadalan-É. Calathua: Angrasakna seneng sathithik saka anggonmu *ora weruh ing panarima*, sayekti kowé iku panunggalané para *isèn-isèning* geni.

Ar. *kaprayang*

Ar. *Panjenengané*

Ut. *kafir*

Ut. *wongwonging*

وَإِذَا مَسَّ ٱلْإِنسَٰنَ ضُرٌّ دَعَا رَبَّهُ
مُنِيبًا إِلَيْهِ ثُمَّ إِذَا خَوَّلَهُ نِعْمَةً مِّنْهُ
نَسِىَ مَا كَانَ يَدْعُوٓا۟ إِلَيْهِ مِن قَبْلُ
وَجَعَلَ لِلَّهِ أَندَادًا لِّيُضِلَّ عَن سَبِيلِهِ ۚ
قُلْ تَمَتَّعْ بِكُفْرِكَ قَلِيلًا ۖ إِنَّكَ مِنْ
أَصْحَٰبِ ٱلنَّارِ ⑧

---

tumurunipun satunggaling barang, punika terkadhang tumurun saéstu, sarta tarkadhang namung sabab-sabab saha pitedah ingkang murugaken ngangsalaken barang wau ingkang tumurun. Lah inggih teges punika ingkang kagem mangandikakaken raja-kaya katurunaken tumrap para manusa punika. Raja-kaya wolu, punika raja-kaya sakawan jodho ingkang kapangandikakaken ing 6: 144. Kèwan sakawan wau kasebutaken kalayan mligi, awit kèwan wau sakalangkung migunani piyambak tumrap para manusa.

9 Apa! wong kang ambangun turut sajroning wayah wengi, kalawan sujud sarta kalawan ngadeg amrihatinaké akhirat sarta padha angarep-arep wilasaning Pangérané! Calathua: Apa padha para kang weruh iku karo para wong kang ora weruh? Mung para kang kasinungan akal kang padha éling.

أَمَّنْ هُوَ قَانِتٌ اٰنَآءَ الَّيْلِ سَاجِدًا وَّ
قَآئِمًا يَّحْذَرُ الْاٰخِرَةَ وَيَرْجُوْا رَحْمَةَ
رَبِّهٖ ؕ قُلْ هَلْ يَسْتَوِى الَّذِيْنَ
يَعْلَمُوْنَ وَالَّذِيْنَ لَا يَعْلَمُوْنَ ؕ اِنَّمَا
يَتَذَكَّرُ اُولُوا الْاَلْبَابِ ﴿٩﴾

RUKU’ 2

Para mukmin sarta para kafir

10. Kasaènan punika tumrap ingkang alampah saé. 11-14. Kanjeng Nabi Suci punika tiyang mukmin tulus. 15, 16. Kapitunan tumrap titiyang kafir. 17-20. Tiyang bekti badhé linuhuraken. 21. Wuwulang ingkang pinanggih wonten ing tumuwuhipun saha risakipun ngalam wadhag.

10 Calathua: O, para kawulaku kang padha angèstu! dipadha angati-ati (wajibira marang) Pangéranmu; para kang padha alaku becik ing donya iki, olèh becik, sarta bumining Allah iku jembar;[2157] mung para sabar kang bakal pinaringan ganep ganjarané kalawan tanpa pétung.

قُلْ يٰعِبَادِ الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوْا رَبَّكُمْ ؕ
لِلَّذِيْنَ اَحْسَنُوْا فِىْ هٰذِهِ الدُّنْيَا حَسَنَةٌ ؕ
وَاَرْضُ اللّٰهِ وَاسِعَةٌ ؕ اِنَّمَا يُوَفَّى
الصّٰبِرُوْنَ اَجْرَهُمْ بِغَيْرِ حِسَابٍ ﴿١٠﴾

11 Calathua: Aku iki dhinawuhan supaya angabdi ing Allah kalawan murni ing pambangunturut marang Panjenengané.

قُلْ اِنِّىْٓ اُمِرْتُ اَنْ اَعْبُدَ اللّٰهَ مُخْلِصًا
لَّهُ الدِّيْنَ ﴿١١﴾

12 Sarta dhinawuhan kang supaya aku dadi wiwitané para kang padha sumarah.

وَاُمِرْتُ لِاَنْ اَكُوْنَ اَوَّلَ الْمُسْلِمِيْنَ ﴿١٢﴾

13 Calathua: Manawa aku andaga ing Pangéranku, aku wedi marang siksa ing dina kang agung.

قُلْ اِنِّىْٓ اَخَافُ اِنْ عَصَيْتُ رَبِّىْ
عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيْمٍ ﴿١٣﴾

2157. Dhawuh punika minangka panglipur tumrap para Muslimin, ingkang wonten ing nagarinipun piyambak sami kapeksa nandhang kasusahan; sarta sampun terang manawi dhawuh punika mengku piweca ingkang nyasmitan, hijrah ingkang sapisan, inggih punika hijrah dhateng nagari Habasyah.

14 Calathua: Allah (kang) dak kawulani kalawan murni ing pambangun-turutku marang Panjenengané:

قُلِ اللّٰهَ اَعۡبُدُ مُخۡلِصًا لَّهٗ دِيۡنِىۡ ﴿۱۴﴾

15 Mulané padha ngawulaa apa sakarepmu saliyané Panjenengané. Calathua: Sayekti wong kang padha kapitunan iku para kang padha amituna awaké dhéwé sarta kulawargané ing dina kiyamat; lah sayekti, iku kapitunan kang terang.

فَاعۡبُدُوۡا مَا شِئۡتُمۡ مِّنۡ دُوۡنِهٖ ؕ قُلۡ
اِنَّ الۡخٰسِرِيۡنَ الَّذِيۡنَ خَسِرُوۡۤا اَنۡفُسَهُمۡ
وَ اَهۡلِيۡهِمۡ يَوۡمَ الۡقِيٰمَةِ ؕ اَلَا ذٰلِكَ هُوَ
الۡخُسۡرَانُ الۡمُبِيۡنُ ﴿۱۵﴾

16 Dhèwèké, ing sadhuwuré bakal ana tutup geni apa déné tutup ing sangisoré; iki diagem Allah amedèkaké kawula-kawula-Né; mulané, o, para kawula-Ningsun! padha dingati-ati (wajibira marang) Ingsun.

لَهُمۡ مِّنۡ فَوۡقِهِمۡ ظُلَلٌ مِّنَ النَّارِ وَ
مِنۡ تَحۡتِهِمۡ ظُلَلٌ ؕ ذٰلِكَ يُخَوِّفُ اللّٰهُ
بِهٖ عِبَادَهٗ ؕ يٰعِبَادِ فَاتَّقُوۡنِ ﴿۱۶﴾

17 Wondéné para kang padha angedohi manembah brahala sarta padha madhep maring Allah, bakal padha olèh warta bubungah; mulané awèha warta bubungah marang para kawula-Ningsun,

وَ الَّذِيۡنَ اجۡتَنَبُوا الطَّاغُوۡتَ اَنۡ يَّعۡبُدُوۡهَا
وَ اَنَابُوۡۤا اِلَى اللّٰهِ لَهُمُ الۡبُشۡرٰى ۚ فَبَشِّرۡ عِبَادِ ﴿۱۷﴾

18 Para kang padha angrungokaké wicara, banjur manut kang luwih becik;[2158] iki para kang padha katuntun déning Allah sarta iki para kang padha kasinungan akal.

الَّذِيۡنَ يَسۡتَمِعُوۡنَ الۡقَوۡلَ فَيَتَّبِعُوۡنَ
اَحۡسَنَهٗ ؕ اُولٰٓئِكَ الَّذِيۡنَ هَدٰٮهُمُ اللّٰهُ
وَ اُولٰٓئِكَ هُمۡ اُولُوا الۡاَلۡبَابِ ﴿۱۸﴾

Ar. *sabda*

19 Lah kapriyé wong kang wus kabener katiban *pancasan* siksa: Lah apa ta bisa sira nyalametaké wong kang ana ing jero geni?

اَفَمَنۡ حَقَّ عَلَيۡهِ كَلِمَةُ الۡعَذَابِ ؕ
اَفَاَنۡتَ تُنۡقِذُ مَنۡ فِى النَّارِ ۚ ﴿۱۹﴾

2158. Dhawuh punika mengku suraos dhawuh anggatosaken piwulangipun Quran inggih punika katerangaken bilih Quran makaten sabda ingkang saé piyambak, ingkang saged dipun pirengaken tiyang. Utawi mengku suraos makaten: rèhning Quran punika kanggé sagung para manusa sadaya, ingkang awit saking punika isi piwulang-piwulang tumrap para manusa ing saben tataraning babrayan utawi tataraning kamajenganipun manusa, milanipun para angèstu kadhawuhan manut ingkang langkung saé.

20 Ananging Para kang padha ngati-ati (wajibé marang) Pangérané, bakal olèh papan kang luhur, sadhuwuré iku papan luhur (manèh),[2159] yasan (tumrap dhèwèké), sangisoré iku kali-kaliné padha mili; (iki) janjining Allah; Allah ora nyulayani janji(-Né).

لٰكِنِ الَّذِيْنَ اتَّقَوْا رَبَّهُمْ لَهُمْ غُرَفٌ
مِّنْ فَوْقِهَا غُرَفٌ مَّبْنِيَّةٌ ۙ تَجْرِيْ
مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ ۬ وَعْدَ اللّٰهِ ۭ لَا
يُخْلِفُ اللّٰهُ الْمِيْعَادَ ﴿٢٠﴾

21 Apa sira ora andeleng yèn Allah iku anurunaké banyu saka ing mendhung, banjur iki diilèkaké dadi sumber-sumber ing bumi, tumuli iku diagem nuwuhaken tutuwuhan, séjé-séjé *jinisé;* tumuli garing, wusana *katon* dadi kuning; tumuli iku Didadèkaké barang ajur?[2160] Sayekti, ing kono iku temen ana pépéling tumrap wong kang kang padha kasinungan akal.

Ar. *warnané*

Ar. *sira deleng*

اَلَمْ تَرَ اَنَّ اللّٰهَ اَنْزَلَ مِنَ السَّمَاۗءِ مَاۗءً
فَسَلَكَهٗ يَنَابِيْعَ فِي الْاَرْضِ ثُمَّ يُخْرِجُ بِهٖ
زَرْعًا مُّخْتَلِفًا اَلْوَانُهٗ ثُمَّ يَهِيْجُ فَتَرٰىهُ
مُصْفَرًّا ثُمَّ يَجْعَلُهٗ حُطَامًا ۭ اِنَّ فِيْ ذٰلِكَ
لَذِكْرٰى لِاُولِي الْاَلْبَابِ ﴿٢١﴾

RUKU' 3

Quran Suci punika Tuntunan ingkang sampurna

22, 23. Quran Suci punika papadhang. 24-26. Sinten ingkang angemohi badhé dhumawah ing asor. 27, 28. Quran Suci punika Kitab ingkang sampurna. 29-31. Sumarah babar pisan dhateng Pangéran punika perlu.

22 Lah apa ta wong kang kabuka *atiné* marang Islam déning Allah, kang satemah dumunung ing papadhang saka Pangérané (iku padha karo wong kang atos atiné)? Lah cilaka tumrap para kang padha atos atiné tumrap ing éling ing Allah; iki padha dumunung ing sasar kang tétéla.

Ar. *dhadhané*

اَفَمَنْ شَرَحَ اللّٰهُ صَدْرَهٗ لِلْاِسْلَامِ فَهُوَ
عَلٰي نُوْرٍ مِّنْ رَّبِّهٖ ۭ فَوَيْلٌ لِّلْقٰسِيَةِ
قُلُوْبُهُمْ مِّنْ ذِكْرِ اللّٰهِ ۭ اُولٰۗىِٕكَ
فِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ﴿٢٢﴾

2159. Punika anedahaken, bilih ing gesang sasampuning pejah punika wonten kamajengan ingkang tanpa wonten telasipun, awit panggènan ingkang luhur, ingkang badhé dados bubuhanipun para tiyang tulus, punika taksih wonten malih ingkang ngungkuli luhuripun. Dados suwarganigun tiyang Muslimin punika sanès kok panggènan kanggé mangun suka, nanging kanggé anggayuh kamajengan ingkang tanpa wonten telasipun.

2160. Ingkang dipun maksud inggih punika nasibipun umat utawi bangsa-bangsa. Bangsa-bangsa wau katitahaken, kaluhuraken, lajeng susut nyelaki dhateng karisakan lan ing wasananipun lebur babar pisan. Punika ugi dados panglipur tumrap para Muslimin, inggih punika mengsah-mengsahipun mesthi boten badhé saged anggegegi panguwaosipun ing salami-laminipun.

23 Allah wus andhawuhaké be-
cik-beciking undhang, sawijining
kitab, kang cundhuk sakèhing
pérang-pérangané,[2161] ambal-ing-
Ar. *saka iku* ambalan, *andadèkaké* geter kulité
para kang padha wedi ing Pangé-
rané; tumuli padha dadi tumelung
kulit-kulité sarta ati-atiné marang
éling ing Allah; iku tuntunaning
Allah, kagem nuntun sapa sing
dadi karsa-Né; lan sapa sing kasa-
a. 44 saraké déning Allah,[a] ya ora duwé
panuntun.

اَللّٰهُ نَزَّلَ اَحۡسَنَ الۡحَدِيۡثِ كِتٰبًا
مُّتَشَابِهًا مَّثَانِىَ ۖ تَقۡشَعِرُّ مِنۡهُ جُلُوۡدُ
الَّذِيۡنَ يَخۡشَوۡنَ رَبَّهُمۡ ۚ ثُمَّ تَلِيۡنُ
جُلُوۡدُهُمۡ وَقُلُوۡبُهُمۡ اِلٰى ذِكۡرِ اللّٰهِ ؕ
ذٰلِكَ هُدَى اللّٰهِ يَهۡدِىۡ بِهٖ مَنۡ يَّشَآءُ ؕ
وَمَنۡ يُّضۡلِلِ اللّٰهُ فَمَا لَهٗ مِنۡ هَادٍ ﴿۲۳﴾

24 Lah apa ta wong kang atata-
mèng saka siksa kang ala kalawan
Ut. *rainé* nganggo *awaké* dhéwé ing dina
kiyamat (iku padha karo wong
kang alaku becik)? Lan bakal di-
dhawuhaké marang wong kang
padha atindak dudu: Padha rasakna
pakolihé barang kang wus padha
kolakoni.

اَفَمَنۡ يَّتَّقِىۡ بِوَجۡهِهٖ سُوۡٓءَ الۡعَذَابِ
يَوۡمَ الۡقِيٰمَةِ ؕ وَقِيۡلَ لِلظّٰلِمِيۡنَ
ذُوۡقُوۡا مَا كُنۡتُمۡ تَكۡسِبُوۡنَ ﴿۲۴﴾

25 Para wong sadurungé dhè-
Ut. *ange-mohi* wèké padha *anggorohaké* (para
nabi), mulané siksa ing akhirat te-
men luwih gedhé; yèn ta dhèwèké
padha weruha!

كَذَّبَ الَّذِيۡنَ مِنۡ قَبۡلِهِمۡ فَاَتٰٮهُمُ
الۡعَذَابُ مِنۡ حَيۡثُ لَا يَشۡعُرُوۡنَ ﴿۲۵﴾

26 Lan Allah angicipaké dhèwèk-
é ing asor sajroning kauripan do-

فَاَذَاقَهُمُ اللّٰهُ الۡخِزۡىَ فِى الۡحَيٰوةِ الدُّنۡيَا ۚ

2161. Ing ngriki Quran kasebut كِتٰبًا مُّتَشَابِهًا tegesipun *kitab kang sarwa cocog pépérangané kang warna-warna.* Pangaken ingkang makaten punika boten teka atanpa teges. Quran punika tumurunipun sakedhik-sakedhik ing salebetipun wekdal tigalikur taun. Salebetipun wekdal wau, Kanjeng Nabi Suci sugeng ngalami kawontenan ingkang mawarni-warni sanget; boten wonten tiyang sanèsipun malih satunggal-tunggala ingkang lalampahaning gesangipun ngalami kawontenan warni-warni ingkang béda-béda, kados kawontenan ingkang dipun alami Kanjeng Nabi Suci wau. Suprandéné ing salebetipun wonten kawontenan ingkang mawarni-warni lan santun-sumantun wau, Quran tansah mintonaken anggènipun ajeg, tetep, boten éwah gingsir, boten éwah-éwah. Nanging cocogipun pérang-péranganing dhawuh-dhawuhipun Quran ingkang mawarni-warni wau, boten namung lugu ateges “cocog” thok, nanging ugi ateges bilih sawenèh péranganing dhawuh anerangaken pérangan sanèsipun. Kedah dipun pèngeti bilih miturut pahamipun para saged ingkang prayogi piyambak, *mutasyâbih* punika ateges *sawenèh péranganipun ngleresaken pérangan sanèsipun.* Malih, Quran sinebut *matsâni*, jalaran Quran wau ngambal-ambali dhawuh ingkang wigatos-wigatos, langkung-langkung piwulang bab Mahatunggalipun Pangéran. Mirsanana ugi 387.

nya, sarta siksa ing akhirat temen luwih gedhé; yèn ta dhèwèké padha weruha!

وَلَعَذَابُ الْآخِرَةِ أَكْبَرُ ۘ لَوْ كَانُوا يَعْلَمُونَ ﴿٢٦﴾

27 Lan sayekti temen Ingsun wus agawé sarupaning sanépa tumrap para manusa ana sajroning Qur'an iki, supaya dhèwèké padha ngangen-angena.[2162]

وَلَقَدْ ضَرَبْنَا لِلنَّاسِ فِي هَٰذَا الْقُرْآنِ مِنْ كُلِّ مَثَلٍ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُونَ ﴿٢٧﴾

28 Qur'an bahasa Arab tanpa ana béngkongé, supaya dhèwèké padha anjaga dhiriné (saka ing ala).

قُرْآنًا عَرَبِيًّا غَيْرَ ذِي عِوَجٍ لَعَلَّهُمْ يَتَّقُونَ ﴿٢٨﴾

29 Allah andamel sanépa: Ana sawijining wong lanang, sing padha andharbèni ing dhèwèké (akèh) padha diya-diniya, lan ana manèh sawijining wong lanang, (kang) mung mungkul (meleng) marang sawijining wong lanang. Apa sakaroné iku padha kaanané? Sakèhing pangalembana iku kagunganing Allah: éwadéné dhèwèké sing akèh padha ora weruh.

ضَرَبَ اللَّهُ مَثَلًا رَجُلًا فِيهِ شُرَكَاءُ مُتَشَاكِسُونَ وَرَجُلًا سَلَمًا لِرَجُلٍ ۖ هَلْ يَسْتَوِيَانِ مَثَلًا ۚ الْحَمْدُ لِلَّهِ ۚ بَلْ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٢٩﴾

30 Sayekti sira iku bakal mati, lan sayekti, dhèwèké iku (iya) bakal padha mati.

إِنَّكَ مَيِّتٌ وَإِنَّهُمْ مَيِّتُونَ ﴿٣٠﴾

31 Tumuli sira iku sayekti ing dina kiyamat ana ing ngarsaning Pangéranira bakal padha padudon.

ثُمَّ إِنَّكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ عِنْدَ رَبِّكُمْ تَخْتَصِمُونَ ﴿٣١﴾

RUKU' 4

Ingkang angemohi badhé sami dipun asoraken

32. Ngemohi kasunyatan. 33-35. Ganjaranipun ingkang sami ngajengi. 36, 37. Allah punika sampun anyekapi.

2162. Marambah-rambah Quran Suci andhawuhaken, bilih Quran punika kalempakanipun sadaya piwulang kanggé nyaékaken budipakarti tuwin ruhaninipun manusa. Ing dhawuh punika Quran ugi andhawuhaken bilih Quran punika kitab ingkang sampurna, ingkang isinipun boten ngemungaken sadaya piwulang ingkang perlu-perlu kémawon, nanging ugi mangsuli sadaya pamadanipun para ingkang sami milawani. Mirsanana ugi 1467 tuwin 1785.

JUZ XXIV

32 Lah sapa sing luwih anganiaya tinimbang wong kang angucapaké goroh tumrap marang Allah sarta (kang) anggorohaké kasunyatan nalika iki tumeka marang dhèwèké; apa ora ing naraka padunungan tumrap para kafir iku?

فَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنْ كَذَبَ عَلَى اللّٰهِ
وَكَذَّبَ بِالصِّدْقِ إِذْ جَآءَهٗ ۭ أَلَيْسَ
فِيْ جَهَنَّمَ مَثْوًى لِّلْكٰفِرِيْنَ ﴿٣٢﴾

33 Lan wong kang anekakaké kasunyatan sarta (wong kang) angarepi nyatané iku – iku kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala).

وَالَّذِيْ جَآءَ بِالصِّدْقِ وَصَدَّقَ بِهٖٓ
أُولٰٓئِكَ هُمُ الْمُتَّقُوْنَ ﴿٣٣﴾

34 Dhèwèké, ana ngarsaning Pangérané, bakal olèh apa kang dikarepaké; iku ganjarané wong kang padha agawé kabecikan:

لَهُمْ مَّا يَشَآءُوْنَ عِنْدَ رَبِّهِمْ ۭ ذٰلِكَ
جَزٰٓؤُا الْمُحْسِنِيْنَ ﴿٣٤﴾

35 Kang supaya Allah ambirataké panggawé-panggawéné kang ala sarta amaringi ganjaran marang dhèwèké amarga saka becik-beciké kang wus padha dilakoni.

لِيُكَفِّرَ اللّٰهُ عَنْهُمْ أَسْوَأَ الَّذِيْ عَمِلُوْا
وَيَجْزِيَهُمْ أَجْرَهُمْ بِأَحْسَنِ الَّذِيْ
كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ﴿٣٥﴾

36 Apa Allah iku ora wus cukup
tumrap kawula-Né? Lan dhèwèké
padha memedèni sira asarana kang
saliyané Panjenengané;[2163] lan sapa
a. 44 kang kasasaraké déning Allah,[a] ya
ora dhuwé panuntun.

أَلَيْسَ اللّٰهُ بِكَافٍ عَبْدَهٗ ۭ وَيُخَوِّفُوْنَكَ
بِالَّذِيْنَ مِنْ دُوْنِهٖ ۭ وَمَنْ يُّضْلِلِ
اللّٰهُ فَمَا لَهٗ مِنْ هَادٍ ﴿٣٦﴾

37 Lan sapa sing dituntun déning Allah, ya ora ana kang bisa anasaraké; apa Allah iku ora Kinawasa, Ingkang kagungan piwales?

وَمَنْ يَّهْدِ اللّٰهُ فَمَا لَهٗ مِنْ مُّضِلٍّ ۭ
أَلَيْسَ اللّٰهُ بِعَزِيْزٍ ذِي انْتِقَامٍ ﴿٣٧﴾

2163. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih bangsa Arab ingkang gugontohon punika sami gadhah pangandel, bilih brahala-brahalanipun punika saged damel pituna dhateng para titiyang ingkang boten purun ngakeni ing panguwaosipun. Lah inggih prakawis punika, ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika. Déné cariyos bab pangrisakipun brahala Al-lata lan Al-'Uzza, punika kelampahanipun ing jaman ingkang langkung akhir malih, déné tumurunipun surat punika kagolong nalika jaman Makkah wiwitan.

38 Lan manawa dhèwèké padha sira takoni: sapa kang nitahaké langit-langit lan bumi iku?, masthi bakal padha mangsuli: Allah. Calathua: Apa sira wus padha mramanakaké barang kang sira uwuh saliyané Allah iku; manawa Allah angarsakaké aku kataman reribed, apa dhèwèké kang bakal ambirat reribed saka Panjenengané iku, utawa manawa Panjenengané angarsakaké aku olèh wilasa, apa dhèwèké kang bakal nahan wilasané Panjenengané? Calathua: Allah iku wus cukup tumrapé aku; marang Panjenengané sumarahé para kang padha sumarah.

وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ
وَالْأَرْضَ لَيَقُولُنَّ اللّٰهُ ۚ قُلْ أَفَرَءَيْتُم
مَّا تَدْعُونَ مِن دُونِ اللّٰهِ إِنْ أَرَادَنِيَ
اللّٰهُ بِضُرٍّ هَلْ هُنَّ كٰشِفٰتُ ضُرِّهِ أَوْ
أَرَادَنِي بِرَحْمَةٍ هَلْ هُنَّ مُمْسِكٰتُ
رَحْمَتِهِ ۚ قُلْ حَسْبِيَ اللّٰهُ ۖ عَلَيْهِ
يَتَوَكَّلُ الْمُتَوَكِّلُونَ ﴿٣٨﴾

39 Calathua: O, bangsaku! padha tandanga gawé ing panggonanira; sayekti aku iki wong kang tandang gawé; amasthi sira bakal padha weruh.

قُلْ يٰقَوْمِ اعْمَلُوا عَلٰى مَكَانَتِكُمْ إِنِّي
عَامِلٌ ۖ فَسَوْفَ تَعْلَمُونَ ﴿٣٩﴾

40 Sapa kang bakal katekan siksa kang ngasoraké dhèwèké sarta sing bakal olèh siksa kang awèt.[2164]

مَن يَأْتِيهِ عَذَابٌ يُخْزِيهِ وَيَحِلُّ
عَلَيْهِ عَذَابٌ مُّقِيمٌ ﴿٤٠﴾

41 Sayekti Ingsun wus anurunaké Kitab kalawan kasunyatan marang sira tumrap para manusa; lah sapa sing manut dadalan kang bener, iku iya tumanja marang jiwané dhéwé, lan sapa sing sasar, sasaré iya mung dadi pitunané dhéwé lan sira iku dudu jururumeksa marang dhèwèké.

إِنَّا أَنزَلْنَا عَلَيْكَ الْكِتٰبَ لِلنَّاسِ
بِالْحَقِّ ۖ فَمَنِ اهْتَدٰى فَلِنَفْسِهِ ۖ وَ
مَن ضَلَّ فَإِنَّمَا يَضِلُّ عَلَيْهَا ۖ وَمَا
أَنتَ عَلَيْهِم بِوَكِيلٍ ﴿٤١﴾

2164. Siksa warni kalih kapangandikakaken kalayan terang gamblang, inggih punika siksa ingkang badhé mahanani asor, inggih punika siksa ing gesang sapunika punika, tuwin siksa langgeng ingkang dados bebahanipun para duraka ing gesang sasampuning pejah. Siksa ing donya wau, anélakaken kayektèning siksa ing akhirat.

RUKU' 5

Riribed badhé boten kénging dipun tulak

42. Tiyang pejah boten badhé wangsul gesang malih. 43-48. Pantawis sarta tebusan boten badhé migunani. 49-52. Para kafir badhé sami manggih awoning kadadosanipun.

42 Allah iku amulung jiwa-jiwa ing wayah matiné, *déné* kang ora mati, ing sajroning turuné; banjur Panjenengané anahan kang wus Pinasthi mati,[2165] sarta ambalèkaké liyané tumekané wayah kang wus tinamtu. Sayekti ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha mikir-mikir.

Ut. *sarta*

اَللّٰهُ يَتَوَفَّى الْاَنْفُسَ حِيْنَ مَوْتِهَا
وَالَّتِيْ لَمْ تَمُتْ فِيْ مَنَامِهَا ۚ فَيُمْسِكُ
الَّتِيْ قَضٰى عَلَيْهَا الْمَوْتَ وَيُرْسِلُ
الْاُخْرٰٓى اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ۗ اِنَّ فِيْ
ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّتَفَكَّرُوْنَ ﴿٤٢﴾

43 Apa dhèwèké padha angalap juru-juru anglantarakė saliyané Allah? Calathua: Apa ya sanajan iku padha ora tau nguwasani apa-apa sarta ora padha mangerti.

اَمِ اتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ شُفَعَآءَ ۗ
قُلْ اَوَلَوْ كَانُوْا لَا يَمْلِكُوْنَ
شَيْـًٔا وَّلَا يَعْقِلُوْنَ ﴿٤٣﴾

44 Calathua: *lantaran* iku kagungané Allah kabèh; karatoning langit-langit lan bumi iku kagungan-É, tumuli marang Panjenengané anggonira bakal padha binalèkaké.

Ut. *panga-yoman*

قُلْ لِّلّٰهِ الشَّفَاعَةُ جَمِيْعًا ۗ لَهٗ مُلْكُ
السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ ثُمَّ اِلَيْهِ تُرْجَعُوْنَ ﴿٤٤﴾

45 Lan samangsa Allah piyambak kang sinebut, padha éwa atiné para kang ora angèstu marang akhirat, lan samangsa para kang sinebut para kang saliyané Panjenengané, ing kono dhèwèké (banjur) padha bungah.[2166]

وَاِذَا ذُكِرَ اللّٰهُ وَحْدَهُ اشْمَاَزَّتْ
قُلُوْبُ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ ۚ
وَاِذَا ذُكِرَ الَّذِيْنَ مِنْ دُوْنِهٖٓ
اِذَا هُمْ يَسْتَبْشِرُوْنَ ﴿٤٥﴾

2165. Ayat punika suka bukti ingkang ambabar pisani, bilih Quran boten ngakeni kongangipun tiyang ingkang sampun pejah saèstu wangsul gesang malih dhateng ngalam donya punika. Dhawuh punika anyebutaken, bilih ruhing manusa punika kapundhut salebetipun tilem utawi nalika pejah; tumrap salebetipun tilem, ruh wau kaparingaken wangsul, déné tumrapipun tiyang pejah, ruh wau kacandhet saha boten dipun keparengaken wangsul. Dados ruh punika namung saged wangsul, manawi tiyang punika dèrèng pejah saèstu. Ayat punika anduwa kalayan sampurna sadaya dodongèngan tiyang pejah kagesangaken malih kalayan sacara angéram-éramaken. Kula aturi mirsani ugi 1659 tuwin 1731.

2166. Ingkang makaten punika nyata, boten namung tumrap para kafir Makkah kémawon, nanging ugi tumrap sabagéan kathah para titiyang ingkang sami ngaken dados tiyang angèstu. Ing panggènan sanès Quran Suci ngandika: "Lan dhéwéké iku kang akèh ora padha angèstu ing Allah tanpa

46 Munjuka: Dhuh Allah! Ingkang-anitahaken langit-langit lan bumi, Ingkang-angudanèni ingkang boten katingal sarta ingkang katingal! Tuwan (piyambak) Ingkang badhé mancasi *para* kawula Tuwan tumrap barang ingkang ing ngriku piyambakipun sami apasulayan.

Ar. *antawisipun para*

قُلِ اللّٰهُمَّ فَاطِرَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ
عٰلِمَ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ اَنْتَ تَحْكُمُ
بَيْنَ عِبَادِكَ فِيْ مَا كَانُوْا فِيْهِ يَخْتَلِفُوْنَ ﴿٤٧﴾

47 Lan saupama para kang padha atindak dudu andarbènana sakèhé barang kang ana ing bumi, sarta wuwuh samono manèh, amasthi iku bakal dienggo nebusi (awaké) saka alaning siksa ing dina kiyamat; lan barang kang dhèwèké ora tau padha ngangen-angen, bakal dadi cumetha tumrap dhèwèké saka ing Allah.[2166A]

وَلَوْ اَنَّ لِلَّذِيْنَ ظَلَمُوْا مَا فِي الْاَرْضِ
جَمِيْعًا وَّمِثْلَهٗ مَعَهٗ لَافْتَدَوْا بِهٖ
مِنْ سُوْٓءِ الْعَذَابِ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۗ
وَبَدَا لَهُمْ مِّنَ اللّٰهِ مَا لَمْ يَكُوْنُوْا
يَحْتَسِبُوْنَ ﴿٤٨﴾

48 Lan bakal cumetha tumrap dhèwèké alaning (kadadèané) apa kang wus padha dilakoni,[2166B] sarta apa kang padha diguguyu biyèn bakal angepung dhèwèké.

وَبَدَا لَهُمْ سَيِّاٰتُ مَا كَسَبُوْا وَحَاقَ
بِهِمْ مَّا كَانُوْا بِهٖ يَسْتَهْزِءُوْنَ ﴿٤٩﴾

49 Lah samangsa manusa *kataman* riribed, *asambat* marang Ingsun; sabanjuré, samangsa Ingsun aparing nugraha marang dhèwèké saka (ngarsa)-Ningsun, calathuné: Iki diparingaké marang aku iku mung amarga saka kawruh (-ku).[2167] O, balik iku *panglèlèr*,

Ar. *kagrayang*
Ut. *nyunyuwun*

Ar. *coba*

فَاِذَا مَسَّ الْاِنْسَانَ ضُرٌّ دَعَانَا ۫
ثُمَّ اِذَا خَوَّلْنٰهُ نِعْمَةً مِّنَّا ۙ قَالَ
اِنَّمَآ اُوْتِيْتُهٗ عَلٰى عِلْمٍ ۗ بَلْ هِيَ فِتْنَةٌ

anyakuthokaké liyané karo Panjenengané" (12: 106). Nyata sanget tiyang Muslimin piyambak, ingkang kathah-kathah dèrèng marem manawi namung Allah piyambak ingkang kasebut, kajengipun sawenèh titiyangipun suci dipun sebuta sareng-sareng kaliyan nyebut ing Allah.

2166A. *Apa kang ora padha dinyana* punika tegesipun ambruking panguwaosipun wonten ing gesang sapunika punika, tuwin cumethaning wohipun ingkang awon pandamelipun, bénjing ing akhirat.

2166B. Kalayan tetembungan ingkang sakalangkung terang gamblang saha ceplos, kasebutaken wonten ing ngriki, bilih suwarga tuwin naraka ing gesang ing bénjing, punika cumethanipun kalayan awewèntèhan kanyataan-kanyataan ruhani ing gesang sapunika punika. Ing gesang sapunika punika, wohipun ingkang awon pandamelipun para titiyang wau, boten saged kasumerepan ing mripat. Nanging ing gesang ing bénjing, sadaya wau badhé dados cetha awéla-wéla.

2167. Boten wonten angèlipun negesi dhawuh punika. Samangsa tiyang punika nandhang rekaos piyambakipun lajeng nyunyuwun dhateng Allah. Nanging manawi Gusti Allah maringi nugraha

ananging dhèwèké sing akèh padha ora weruh.

وَلٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٤٩﴾

Ut. *linakonan*

50 Para ing sadurungé dhèwèké temen angucapaké iku, ananging apa kang wus padha *pinakolih* ora maédahi marang dhèwèké.

قَدْ قَالَهَا الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ فَمَآ
أَغْنٰى عَنْهُمْ مَّا كَانُوا يَكْسِبُونَ ﴿٥٠﴾

Ut. *pinakolih*

51 Banjur alaning (kadadéané) apa kang wus padha *dilakoni* bakal angenani dhèwèké; déné panunggalané iki kang padha atindak dudu – iki alaning (kadadèané) apa kang wus padha dilakoni bakal angenani, lan ora bakal padha bisa singlar.[2168]

فَأَصَابَهُمْ سَيِّاٰتُ مَا كَسَبُوا ۗ وَالَّذِينَ
ظَلَمُوا مِنْ هٰٓؤُلَآءِ سَيُصِيبُهُمْ سَيِّاٰتُ
مَا كَسَبُوا ۙ وَمَا هُمْ بِمُعْجِزِينَ ﴿٥١﴾

52 Apa dhèwèké ora padha weruh, yèn Allah iku anjembaraké sarta anyumpi rijeki marang sapa-sapa kang dadi kaparenging karsa-Né; sayekti ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha angèstu.

أَوَلَمْ يَعْلَمُوٓا أَنَّ اللّٰهَ يَبْسُطُ الرِّزْقَ
لِمَنْ يَّشَآءُ وَيَقْدِرُ ۗ إِنَّ فِي ذٰلِكَ
لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يُّؤْمِنُونَ ﴿٥٢﴾

RUKU' 6

Wilasanipun Pangéran

53. Para titiyang dosa sampun ngantos telas ing pangajeng-ajeng. 54-59. Pèpènget. 60-63. Angger-anggering wawales.

53 Calathua: O, para kawula-Ku! kang padha atindak mlangkah wates tumrap jiwané dhéwé, aja pedhot pangarep-arepmu marang wilasaning Allah; sayekti Allah iku angapura kaluputan kabèh; sayekti Panjenengané iku Ingkang-Aparamarta, Ingkang-Mahaasih.[2169]

قُلْ يٰعِبَادِيَ الَّذِينَ أَسْرَفُوا عَلٰٓى
أَنْفُسِهِمْ لَا تَقْنَطُوا مِنْ رَّحْمَةِ اللّٰهِ ۗ
إِنَّ اللّٰهَ يَغْفِرُ الذُّنُوبَ جَمِيعًا ۗ إِنَّهُ
هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ﴿٥٣﴾

piyambakipun, piyambakipun boten mastani punika asli saking Gusti Allah, nanging saking kawegigan saha saking kapinteranipun piyambak.

2168. Punika ugi piweca malih, tur kalayan tetembungan ingkang terang gamblang, ingkang mecakaken kasusahan ingkang badhé andhawahi titiyang Makkah.

2169. Sih-wilasa tuwin katresnanipun Allah, ingkang asring karembag wonten ing agami-agami sanès, pinanggih nyatanipun tuwin gumelaripun wonten ing dalem agami Islam. Boten wonten agami sanès ingkang suka panglipur tuwin pangrapu kados ing ayat punika. Dhawuh punika amedharaken

54 Lan di tansah padha madhep marang Pangéranira sarta padha sumaraha marang Panjenengané, sadurungé siksa tumeka marang sira, mundhak sira ora bakal tinulungan.

وَاَنِيْبُوْٓا اِلٰى رَبِّكُمْ وَاَسْلِمُوْا لَهٗ
مِنْ قَبْلِ اَنْ يَّأْتِيَكُمُ الْعَذَابُ ثُمَّ
لَا تُنْصَرُوْنَ ﴿٥٤﴾

55 Lan padha manuta kang becik dhéwé[2170] apa kang wus tinurunaké marang sira saka Panjenenganira sadurungé siksa anekani sira kalawan ngegèt sarta sira padha ora nyana-nyana;

وَاتَّبِعُوْٓا اَحْسَنَ مَآ اُنْزِلَ اِلَيْكُمْ
مِّنْ رَّبِّكُمْ مِّنْ قَبْلِ اَنْ يَّأْتِيَكُمُ
الْعَذَابُ بَغْتَةً وَّاَنْتُمْ لَا تَشْعُرُوْنَ ﴿٥٥﴾

56 Mundhak ana sawijining jiwa calathu: O, cilaka aku iki! amarga saka anggonku anglirwakaké wajibku marang Allah, lan sayekti aku iki biyèn panunggalané para kang padha angguguyu (kasunyatan);

اَنْ تَقُوْلَ نَفْسٌ يّٰحَسْرَتٰى عَلٰى مَا
فَرَّطْتُّ فِيْ جَنْۢبِ اللّٰهِ وَاِنْ كُنْتُ
لَمِنَ السّٰخِرِيْنَ ﴿٥٦﴾

57 Utawa mundhak angucap: Saupama Allah anuntuna aku, amasthi aku iki biyèn dadi panunggalané para kang anjaga dhiriné (saka ing ala);

اَوْ تَقُوْلَ لَوْ اَنَّ اللّٰهَ هَدٰىنِيْ لَكُنْتُ
مِنَ الْمُتَّقِيْنَ ﴿٥٧﴾

58 Utawa, nalika andeleng siksa, mundhak angucap: Mungguh bali diparengna tumrap marang aku sapisan baé, amasthi aku dadi panunggalané para kang padha agawé kabecikan.

اَوْ تَقُوْلَ حِيْنَ تَرَى الْعَذَابَ لَوْ
اَنَّ لِيْ كَرَّةً فَاَكُوْنَ مِنَ الْمُحْسِنِيْنَ ﴿٥٨﴾

59 Iya! temen timbalan-timbalan-Ingsun wus tumeka marang sira, ananging iku sira angemohi

بَلٰى قَدْ جَآءَتْكَ اٰيٰتِيْ فَكَذَّبْتَ بِهَا

sih-wilasanipun Gusti Allah ingkang anglimputi, ngantos tumrap sih-wilasanipun Allah wau dosaning manusa prasasat boten anggandra babar pisan. Panjenenganipun punika boten kok namung kados déné juru-hukum tukang maringi pancasan antawisipun golongan kakalih ingkang sami pasulayan, wangsul Panjenenganipun punika Gusti, Ingkang kagungan, Ingkang pangrengkuhipun dhateng kawula-Nipun manut punapa kaparenging karsa-Nipun. Awit saking punika Panjenenganipun wenang lan saged ngapunten tiyang dosa, tur ingkang kalayan tetep nglenggahi adil, liripun anggènipun ngapunten tiyang dosa wau boten mahanani Panjenenganipun nama boten adil.

2170. *Ahsan* utawi kang becik dhéwé, punika ingkang dipun karsakaken wahyu Quran. Quran punika wahyu ingkang saé piyambak, awit gumelaring tresna saha sih-wilasanipun Pangéran kados ingkang kagelaraken wonten ing Quran, punika boten pinanggih wonten ing pundi kémawon.

sarta sira gumedhé, lan sira dadi panunggalané para kafir.

وَاسْتَكْبَرْتَ وَكُنْتَ مِنَ الْكٰفِرِيْنَ ﴿٥٩﴾

60 Lan ing dina kiyamat sira bakal andeleng para kang padha agawé goroh tumrap marang Allah
a. 474
rainé padha didadèkaké ireng.[a] Apa ora ing jeroning naraka padunungan tumrap para wong gumedhé iku?

وَيَوْمَ الْقِيٰمَةِ تَرَى الَّذِيْنَ كَذَبُوْا عَلَى اللّٰهِ وُجُوْهُهُمْ مُّسْوَدَّةٌ ؕ اَلَيْسَ فِيْ جَهَنَّمَ مَثْوًى لِّلْمُتَكَبِّرِيْنَ ﴿٦٠﴾

61 Lan Allah bakal nylametaké para kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala) kalawan *kamenangan*: ala ora bakal *tumama* marang dhèwèké sarta dhèwèké ora bakal susah.

Ut. *lalabuhané*
Ar. *anggrayang*

وَيُنَجِّي اللّٰهُ الَّذِيْنَ اتَّقَوْا بِمَفَازَتِهِمْ ۫ لَا يَمَسُّهُمُ السُّوْٓءُ وَلَا هُمْ يَحْزَنُوْنَ ﴿٦١﴾

62 Allah iku Ingkang-Anitahaké samubarang sarta Panjenengané iku rumeksa marang samubarang.

اَللّٰهُ خَالِقُ كُلِّ شَيْءٍ ۫ وَّهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ وَّكِيْلٌ ﴿٦٢﴾

63 Kagunganė Panjenengané gedhong pasimpenaning langit-langit lan bumi iku; déné para kang padha angafiri timbalan-timbalaning Allah iku para wong kang kapitunan.

لَهٗ مَقَالِيْدُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ؕ وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِ اللّٰهِ اُولٰٓئِكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ﴿٦٣﴾

RUKU' 7

Pancasan ingkang wekasan

64-67. Panembah brahala dipun tulak. 68-70. Timbalan dhateng pancasan pangadilan sarta paringan ganjaran.

64 Calathua: Lah apa kowé paréntah marang aku ngabdi saliyané Allah, o, para wong bodho?

قُلْ اَفَغَيْرَ اللّٰهِ تَاْمُرُوْٓنِّيْٓ اَعْبُدُ اَيُّهَا الْجٰهِلُوْنَ ﴿٦٤﴾

65 Lan sayekti temen wus kawedharaké marang sira sarta marang para sadurungira: Sayekti manawa sira anyakuthokaké (Allah) amasthi panggawénira bakal muspra, sarta yekti sira bakal dadi panunggalané para wong kang kapitunan.

وَلَقَدْ اُوْحِيَ اِلَيْكَ وَاِلَى الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِكَ ۚ لَئِنْ اَشْرَكْتَ لَيَحْبَطَنَّ عَمَلُكَ وَلَتَكُوْنَنَّ مِنَ الْخٰسِرِيْنَ ﴿٦٥﴾

بَلِ اللّٰهَ فَاعْبُدْ وَكُنْ مِّنَ الشّٰكِرِيْنَ ٦٦

66 Balik sira angabdia ing Allah piyambak baé sarta dadia panunggalané wong kang padha atur panuwun.

وَمَا قَدَرُوا اللّٰهَ حَقَّ قَدْرِهٖ ۖ وَ
الْاَرْضُ جَمِيْعًا قَبْضَتُهٗ يَوْمَ الْقِيٰمَةِ
وَالسَّمٰوٰتُ مَطْوِيّٰتٌۢ بِيَمِيْنِهٖ ۗ سُبْحٰنَهٗ
وَتَعٰلٰى عَمَّا يُشْرِكُوْنَ ٦٧

67 Lan dhèwèké padha ora ngajèni ing Allah kalawan sabenering aji-Né; lan saindhenging bumi ing dina kiyamat karegem ana ing asta-Né, lan langit-langit bakal kagulung ing asta-Né tengen;[a] Mahasuci Panjenengan lan Mahaluhur saka barang kang padha disakuthokaké (karo Panjenengané).

a. 1665

وَنُفِخَ فِى الصُّوْرِ فَصَعِقَ مَنْ فِى
السَّمٰوٰتِ وَمَنْ فِى الْاَرْضِ اِلَّا مَنْ
شَآءَ اللّٰهُ ۗ ثُمَّ نُفِخَ فِيْهِ اُخْرٰى
فَاِذَا هُمْ قِيَامٌ يَّنْظُرُوْنَ ٦٨

b. 789

68 Lan slompret bakal tiniyub,[b] tumuli semaput sakèh kang ana ing langit-langit lan sakèh kang ana ing bumi, kajaba sapa sing dadi kaparenging karsané Allah. Tumuli tiniyup manèh, lah ing kono dhèwèké bakal padha tangi, angentèni.

وَاَشْرَقَتِ الْاَرْضُ بِنُوْرِ رَبِّهَا
وَوُضِعَ الْكِتٰبُ وَجِايْٓءَ بِالنَّبِيّٖنَ
وَالشُّهَدَآءِ وَقُضِيَ بَيْنَهُمْ بِالْحَقِّ
وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ٦٩

69 Lan bumi bakal sumorot kalawan cahyaning Pangérané, sarta Kitab bakal sinèlèhaké, lan para nabi sarta para saksi bakal padha ditekakaké, lan *dhèwèké* bakal padha dipancasi kalawan bener sarta ora bakal padha dianiaya.

Ar. *antarané (dhèwèké)*

وَوُفِّيَتْ كُلُّ نَفْسٍ مَّا عَمِلَتْ
وَهُوَ اَعْلَمُ بِمَا يَفْعَلُوْنَ ٧٠

70 Lan sarupaning jiwa bakal winales ganep apa panggawéné sarta Panjenengané iku luwih wikan marang apa tindaké.

RUKU' 8

Sawarnining papanthan sami angsal punapa ing samasthinipun

71, 72. Para titiyang awon sami dipun giring dhateng naraka. 73-75. Para titiyang saé sami dipun lebetaken dhateng swarga.

71 Lan para kang padha kafir bakal digiring apanthan-panthan marang naraka, nganti, nalika padha teka ing kono, lawang-lawangé bakal dibukak sarta kang anjaga bakal padha calathu marang dhèwèké: Apa utusan-utusan unusané golonganmu ora wus nekani kowé, macakaké timbalan-timbalané Pangéranmu marang kowé sarta apépéling marang kowé sapatemon ing dinamu iki? Dhèwèké bakal padha calathu: *Sampun.* Ananging *pancasaning* pidana wis samesthiné tumiba marang para kafir.

Ar. *Inggih*
Ar. *sabdaning*

وَسِيقَ الَّذِينَ كَفَرُوا إِلَىٰ جَهَنَّمَ زُمَرًا ۖ
حَتَّىٰ إِذَا جَاءُوهَا فُتِحَتْ أَبْوَابُهَا وَ
قَالَ لَهُمْ خَزَنَتُهَا أَلَمْ يَأْتِكُمْ رُسُلٌ
مِّنكُمْ يَتْلُونَ عَلَيْكُمْ آيَاتِ رَبِّكُمْ
وَيُنذِرُونَكُمْ لِقَاءَ يَوْمِكُمْ هَٰذَا ۚ
قَالُوا بَلَىٰ وَلَٰكِنْ حَقَّتْ كَلِمَةُ
الْعَذَابِ عَلَى الْكَافِرِينَ ﴿٧١﴾

72 Bakal dicalathoni: Padha malebua lawang-lawanging naraka, padha manggona ing kono; *pancèn* ala padunungané para wong gumedhé iku.

Ar. *mulané*

قِيلَ ادْخُلُوا أَبْوَابَ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ
فِيهَا ۖ فَبِئْسَ مَثْوَى الْمُتَكَبِّرِينَ ﴿٧٢﴾

73 Lan para kang padha angati-ati ing (kawajibané marang) Pangérané bakal padha diiringaké panthan-panthan marang taman, nganti, nalika padha teka ing kono, lan lawang-lawangé bakal dibukak sarta kang anjaga bakal padha calathu marang dhèwèké: Rahayu dhumawaha ing sampéyan sadaya, sampéyan sami begja, milanipun sami sampéyan mlebet mriku, sami manggèn.

وَسِيقَ الَّذِينَ اتَّقَوْا رَبَّهُمْ إِلَى الْجَنَّةِ
زُمَرًا ۖ حَتَّىٰ إِذَا جَاءُوهَا وَفُتِحَتْ
أَبْوَابُهَا وَقَالَ لَهُمْ خَزَنَتُهَا سَلَامٌ
عَلَيْكُمْ طِبْتُمْ فَادْخُلُوهَا خَالِدِينَ ﴿٧٣﴾

74 Lan dhèwèké bakal padha munjuk: (Sadaya) pangalembana punika kagunganipun Allah, Ingkang sampun sami anetepi janji-Nipun dhateng kawula, sarta amarisi bumi dhateng kawula; kawula dhateng kaparengaken manggèn

وَقَالُوا الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي صَدَقَنَا
وَعْدَهُ وَأَوْرَثَنَا الْأَرْضَ نَتَبَوَّأُ مِنَ

Ar. *mulané*

ing taman ing pundi sakajeng kawula;[2170A] *pancèn* becik ganjarané wong kang padha tandang gawé iku.

الْجَنَّةِ حَيْثُ نَشَآءُ ۚ فَنِعْمَ اَجْرُ الْعٰمِلِيْنَ ۝٧٤

Ar. *antarané dhèwèké)*

75 Lan sira bakal andeleng para malaikat padha angubengi kubenganing dhampar, padha mahasucèkaké kalawan pangalembana Pangérané: lan *dhèwèké* bakal padha dipancasi kalawan bener, lan bakal dipangandikakaké: Sakèhing pangalembana iku kagunganè Allah, Pangéraning ngalam kabèh.

وَ تَرَى الْمَلٰٓئِكَةَ حَآفِّيْنَ مِنْ حَوْلِ الْعَرْشِ يُسَبِّحُوْنَ بِحَمْدِ رَبِّهِمْ ۚ وَ قُضِيَ بَيْنَهُمْ بِالْحَقِّ وَقِيْلَ الْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ۝٧٥

2170A. Boten naté wonten piweca ingkang anggènipun kadhawuhaken kalayan tetembungan ingkang cethanipun ngungkuli punika, lan inggih boten wonten piweca ingkang anggènipun kadhawuhaken wonten ing salebeting kawontenan ingkang ngalèr-ngidul kaliyan isining piweca, kados piweca punika. Piweca punika andhawuhaken, bilih boten kénging boten badhé dhateng masakalanipun para angèstu mumuji ing Pangéran déné sampun andadosaken piyambakipun saged maris nagarinipun. Kirang langkung tigalikur taun sasampunipun piweca punika kadhawuhaken, titiyang mukminin kelampahan saged andharbéni Tanah Suci Palestina tuwin nagari-nagari ingkang loh-jinawi, taman, ing Mesopotamia.

اٰيَاتُهَا ٨٥ (٤٠) سُوْرَةُ الْمُؤْمِنِ مَكِّيَّةٌ رُكُوْعَاتُهَا ٩

SURAT 40

AL-MU’MIN

(*Tiyang ingkang angèstu*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*9 ruku’, 85 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’ 1. Pangayoman dhateng para mukmin.
Ruku’ 2. Anggènipun milawani tanpa guna.
Ruku’ 3-5. Pèpènget wonten ing dalem lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa.
Ruku’ 6. Para utusan punika tinulungan.
Ruku’ 7. Kawasanipun Gusti Allah.
Ruku’ 8, 9. Kadadosanipun panglawan.

Namanipun, gathuking suraosipun, tuwin titimangsaning tumurunipun

Wiwit surat punika, inggih punika surat ingkang kaping 40, dumugi surat ingkang kaping 46, punika dados sagolongan malih, pitung surat, sadaya sami kawiwitan kalayan *Hâ mîm*, awit saking punika sadaya wau winastan *Dhawâtu Hâmîm*, jawinipun surat-surat ingkang kawiwitan kaliyan *Hâ mîm*. Surat-surat punika sadaya kagolong ing jaman, nalika panglawan dhateng Kanjeng Nabi saya andados lan saya dipun santosani, sarta panganiaya ingkang katindakaken kanthi mempeng dhateng para titiyang Muslimin sampun wiwit, ngantos para Muslimin wau sami hijrah dhateng Habasyah. Awit saking punika, boten prabéda lan golonganing surat ingkang sampun, golonganing surat punika kagolong ing wekasaning jaman Makkah ingkang wiwitan. Salajengipun surat-surat punika sadaya ing saprakawis sami kémawon isèn-isènipun, inggih punika sadaya maringi panglipur dhateng para Muslimin ingkang kinaniaya, maringi pèpènget dhateng para tukang nganiaya, saha mecakaken badhé kamenanganipun yakti lan cabaripun panglawan, punika dados jejering rembag ingkang enggel piyambak wonten ing surat-surat punika; bab punika kacethakaken déning satunggaling hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang kasebutaken wonten ing 2171. Ing ngriku ugi nyebutaken lalampahanipun nabi-nabi ingkang rumiyin-rumiyin sakedhik, kajawi Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi Ibrahim, sarta nyebutaken nabi sanès-sanèsipun utawi nasib ingkang kasandhang déning umat-umatipun. Bab Mahatunggalipun Allah tuwin Kawasanipun Allah, dados jejering rembag ingkang terus-terusan, sarta para titiyang kafir tansah dipun gigirèni supados sami purun ngalap piguna wilasanipun Pangéran.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika dipun wiwiti kalayan pratélan bab rancanganipun Pangéran badhé angayom para angèstu; para angèstu wau sami dipun pangandikani sampun ngantos kesasar déning kuwaosipun mengsah, jalaran boten dangu malih kuwaosipun wau tumunten badhé sirna. Ruku’ ingkang kaping kalih taksih nglajengaken bab punika namung ingkang langkung dipun wigatosaken bab ambrukipun mengsah tuwin bab siksanipun ingkang sampun anyelaki; ing wekdal wau mengsah badhé nemahi apes babar pisan. Ruku’ titiga candhakipun ngambali malih pèpènget wau kalayan nyebutaken lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa. Ruku’ ingkang kaping nem nerangaken bilih para utusanipun Pangéran tuwin para titiyang ingkang angèstu dhateng para utusan wau mesthi dipun pitulungi lumawan mengsah-mengsahipun. Ruku’ ingkang kaping pitu dhawuh anggatosaken kawasanipun Allah ingkang agung, ingkang tumrap Panjenenganipun boten wonten barang ingkang boten saged kelampahan. Ruku’ kakalih ingkang wekasan piyambak mangandikakaken malih bab kedadosanipun panglawan, sarwi memèngeti para kafir marambah-rambah.

RUKU' 1

Pangayoman tumrap para mukmin

1, 2. Wewedhar sabda. 3-6. Kakiyatanipun para ingkang milawani badhé pinutung. 7-9. Para mukmin badhé sami dipun ayomi.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Allah Ingkang-Ingalembana, Ingkang-Minulya![2171]

حٰمٓ ۝١

2 Dhumawuhing Kitab iku saka ing Allah, Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Udani.

تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ مِنَ اللّٰهِ الْعَزِيْزِ الْعَلِيْمِ ۝٢

3 Ingkang-Angapunten ing kaluputan sarta Ingkang-Anampa pitobat, Keras ing pidana, Ingkang-Kagungan paparing angelebi;[2172] ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; marang Panjenengané pantoging paran iku.

غَافِرِ الذَّنْۢبِ وَقَابِلِ التَّوْبِ شَدِيْدِ الْعِقَابِ ذِى الطَّوْلِ ۗ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۗ اِلَيْهِ الْمَصِيْرُ ۝٣

2171. *Hâmîm* punika kasebut wonten ing surat punika tuwin ing nem surat sambetipun surat punika; mila surat-surat wau lajeng dipun wastani ذوات حم Sampun genah, bilih aksara-aksara wau mengku teges *asma* (satungga1) utawi *asma-asma*-nipun Pangéran awit wonten hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci makaten: *manawa kowé padha tinempuh ing waktu bengi, ngucapa hâmîm, dhèwèké mesthi ora bakal padha menang* (Mgh-LL), utawi tegesipun péranganing ukara ingkang kantun wau makaten: *Dhuh Pangéran! Dhèwèké mesthi ora bakal padha menang* (IAs, TA-LL). Wonten riwayat ugi bilih satunggaling tiyang Arab ing saganten wedhi nyuwun pirsa ing Kanjeng Nabi Suci bab prakawis *Hâmîm* punapa ta punika. Kanjeng Nabi lajeng maringi wangsulan makaten اسماء وفواتح سور jawinipun: *asma lan dhawuh bubukaning surat-surat* (AH). Manawi dhawuh hadits punika dipun cundhukaken kaliyan dhawuh hadits ingkang sapisan wau, tétéla manawi ingkang dipun karsakaken *asma-asma* wau *asma-asma-nipun Pangéran*: dados aksara *hâ mîm* punika ringkesan asmanipun Pangéran, awit *hâmîm* dados satembung, punika sanès salah satunggaling asma-asmanipun Pangéran. Panyuraos ingkang kathah èmperipun piyambak mastani bilih *hâ* punika kanggé pangringkesipun *Hâmid*, tegesipun *Ingkang Ingalembana*: déné *mîm* kanggé pangringkesipun *Majîd*, *Ingkang Minulya*. Kakalihipun wau sami asmanipun Pangéran ingkang asring kasebutaken sasarengan, sarta tegesipun asma-asma wau cocog sanget kaliyan tegesipun dhawuh hadits ingkang kasebutaken ing nginggil wau. Aksara kakalih punika ugi saged ateges *Ar-Rahmân* tuwin *Ar-Rahîm*, jawinipun *Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih*, utawi ateges *Al-Hayy* tuwin *Al-Qayyûm*, jawinipun *Ingkang-Mahagesang* tuwin *Ingkang Jumeneng-Piyambak*.

2172. Pantes pinèngetan, sifat sakawan punika ingkang angka satunggal, kalih tuwin angka sakawan nyebutaken pangapunten, sih-wilasa tuwin nugrahanipun Pangéran; namung satunggal, ingkang nyebutaken pidananing piawon; dados, nadyan saweg mangandikakaken bab siksa, sifat sih-wilasa punika tansah menang-anglimputi.

Ut. *atindak sakarep-karep*

4 Ora ana wong kang madoni ing timbalan-timbalaning Allah kajaba para kang padha kafir; mulané aja nganti sira kecinthung déning anggoné padha *lunga-teka* ing nagara-nagara.

مَا يُجَادِلُ فِيٓ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ إِلَّا ٱلَّذِينَ
كَفَرُوا۟ فَلَا يَغْرُرْكَ تَقَلُّبُهُمْ فِى ٱلْبِلَٰدِ ٤

Ut. *ange-mohi*

5 Ing sadurungé dhèwèké, kaumé Nuh sarta papanthan-papanthan ing sapungkuré padha *anggorohaké* (para nabi), lan siji-sijining umat padha sedya ala marang utusané, supaya bisa nyirnakaké dhèwèké,[2173] sarta padha amadoni kalawan panggorohan, purihé padha dianggo nyirnakaké kasunyatan; mulané dhèwèké padha Ingsun sirnakaké; lah kapriyé kaanané wawales-Ingsun.

كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ وَٱلْأَحْزَابُ
مِنۢ بَعْدِهِمْ ۖ وَهَمَّتْ كُلُّ أُمَّةٍۭ
بِرَسُولِهِمْ لِيَأْخُذُوهُ ۖ وَجَٰدَلُوا۟ بِٱلْبَٰطِلِ
لِيُدْحِضُوا۟ بِهِ ٱلْحَقَّ فَأَخَذْتُهُمْ ۖ
فَكَيْفَ كَانَ عِقَابِ ٥

Ar. *yèn*
Ut. *wonging*

6 Lan kaya mangkono iku kayektèn sabdaning Pangéranira tumiba marang para kang padha kafir, *yaiku* dhèwèké iku *isèn-isèning* geni.

وَكَذَٰلِكَ حَقَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ عَلَى ٱلَّذِينَ
كَفَرُوٓا۟ أَنَّهُمْ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ٦

Ut. *dhampar purbawisésa*
a. 895

7 Para kang padha mikul *singangsana*[a] sarta kang padha ana ing sakubenging Panjenengané, padha mahasucèkaké kalawan pangalembana ing Pangérané lan padha angèstu ing Panjenengané apa déné padha nyuwunaké pangayoman para kang padha angèstu:[2174] Pangéran kawula!

ٱلَّذِينَ يَحْمِلُونَ ٱلْعَرْشَ وَمَنْ حَوْلَهُۥ
يُسَبِّحُونَ بِحَمْدِ رَبِّهِمْ وَيُؤْمِنُونَ
بِهِۦ وَيَسْتَغْفِرُونَ لِلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ رَبَّنَا

2173. Tegesipun ingkang wantah tembung *akhdh* punika *mendhet* satunggaling barang utawi *nyepengi punika*. Nanging tembung *akhadha* punika ugi ateges *nguwaosi satunggaling tiyang* tuwin *mejahi piyambakipun* (Zj, LA-LL), utawi *nyirnakaken* utawi *nglebur piyambakipun* (Msb, Mf-LL), utawi *midana* utawi *niksa piyambakipun* (LA-LL).

2174. Sampun cetha bilih para ingkang ngampil *'arsy* utawi *panguwaos*, punika sanès kok tukang-ngampil barang wadhag makaten, nanging tukang-ngampil sawenèh tatanggelan ing babagan panguwaosipun Pangéran; manawi katembungaken sanès, inggih punika gumelaring panguwaosipun Pangéran. Menggah ing sajatos-jatosipun para tukang-ngampil *'arsy* wau, para malaikat ingkang tinanggenah nyepeng prakawisipun donya, déné ingkang wonten ing sakiwa tengenipun Pangéran, punika para malaikat ingkang kaparek ing Panjenenganipun, ingkang inggih lumantar para malaikat

a. 2194

Ut. *mratobat*

Tuwan punika anglimputi samukawis kalayan wilasa sarta kalawan kawruh;[2175] mila mugi Tuwan aparing pangayoman[a] dhateng para ingkang sami *wangsul* (ing Tuwan) saha miturut margi Tuwan, tuwin mugi sami Tuwan wilujengaken saking siksa naraka:

وَسِعْتَ كُلَّ شَيْءٍ رَّحْمَةً وَّعِلْمًا فَاغْفِرْ لِلَّذِيْنَ تَابُوْا وَاتَّبَعُوْا سَبِيْلَكَ وَقِهِمْ عَذَابَ الْجَحِيْمِ ۝٧

8 Pangéran kawula! saha mugi sami Tuwan lebetaken ing patamanan kalanggengan, ingkang sampun Tuwan janjèkaken ing piyambakipun, saha bapak-bapakipun tuwin bojo-bojonipun tuwin turun-turunipun ingkang alampah saé; saèstu Tuwan punika Ingkang-Kinawasa Ingkang-Wicaksana.[2176]

رَبَّنَا وَاَدْخِلْهُمْ جَنّٰتِ عَدْنِ ِۨالَّتِيْ وَعَدْتَّهُمْ وَمَنْ صَلَحَ مِنْ اٰبَآئِهِمْ وَاَزْوَاجِهِمْ وَذُرِّيّٰتِهِمْ ۗ اِنَّكَ اَنْتَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝٨

9 Saha mugi sami Tuwan reksa saking pandamel awon, sarta sinten ingkang Tuwan reksa saking pandamel awon ing dinten punika, lah saèstu Tuwan paringi wilasa, saha punika kabegjan agung.

وَقِهِمُ السَّيِّاٰتِ ۗ وَمَنْ تَقِ السَّيِّاٰتِ يَوْمَىِٕذٍ فَقَدْ رَحِمْتَهٗ ۗ وَذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ۝٩

RUKU' 2

Anggènipun milawani tanpa guna

10, 11. Para kafir sami getun dhateng pandamelipun. 12-14. Karatoning Allah badhé dipun jumenengaken. 15-20. Pidananipun katetepaken kalayan ngadil.

---

punika, pepesthènipun Pangéran kadhawuhaken dhateng para malaikat ingkang tinanggenah mangrèh ulah-kridhaning donya. Kateranganipun tembung punika ingkang langkung panjang, kasebutaken wonten ing 2555. Déné para malaikat sami *istigfar*, punika menggah ing sajatos-jatosipun *sami nyuwunaken pangreksa para tiyang tulus*, murih sadaya angger-angger ingkang mranata donya, inggih angger-angger wadhag, inggih angger-angger ruhani, samia biyantu rumeksa para tulus lumawan para mengsah-mengsahipun. Mirsanana 2194, ing ngriku katerangaken tegesipun tembung punika. Bd nerangaken, '*arsy* punika ateges *asal kamulaning jagad wadhag punika.*

2175. Lah ing ngriki kadhawuhaken bilih sih-wilasanipun Pangéran punika anggènipun anglimputi sami kaliyan mahawikanipun Pangéran, sarta kakalihipun wau sami anyrambahi ing sadaya barang. Agami sanès boten wonten ingkang gadhah piwulang bab asihipun Pangéran ingkang ngantos samanten wiyaripun.

2176. Ing ngriki kasebutaken bilih sémah-sémahipun para mukmin tuwin turun-turunipun sami lumebet ing suwarga kaliyan para mukmin wau. Janji punika ingkang tumrap ing gesang sapunika punika sampun kelampahan, taman ingkang kawarisaken dhateng para angèstu, tanah Mesopotami ingkang loh-jinawi, sampun kaparingaken dhateng para mukminin minangka warisan ingkang langgeng, awit para mukminin sami dudunung wonten ing ngriku.

10 Sayekti para kang padha kafir bakal padha dhinawuhan: Sayekti, gethinging Allah (ing sira) iku luwih gedhé tinimbang gethingira ing awakira, nalika sira padha diuwuh marang iman banjur sira ngemohi.[2177]

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا يُنَادَوْنَ لَمَقْتُ اللَّهِ
أَكْبَرُ مِن مَّقْتِكُمْ أَنفُسَكُمْ إِذْ
تُدْعَوْنَ إِلَى الْإِيمَانِ فَتَكْفُرُونَ ﴿١٠﴾

11 Bakal padha munjuk: Pangéran kawula! kaping kalih Tuwan amejahaken kawula saha kaping kalih Tuwan anggesangaken kawula;[2178] lah kawula angakeni kalepatan kawula; salajengipun punapa wonten marginipun kanggé medal?

قَالُوا رَبَّنَا أَمَتَّنَا اثْنَتَيْنِ وَأَحْيَيْتَنَا
اثْنَتَيْنِ فَاعْتَرَفْنَا بِذُنُوبِنَا فَهَلْ
إِلَىٰ خُرُوجٍ مِّن سَبِيلٍ ﴿١١﴾

12 Kang mangkono iku amarga samangsa Allah piyambak kang inguwuh, sira padha angafiri, sarta manawa Panjenengané sinartanan kanthi, sira padha angèstu;[2179] mulané pancasan iku kagungané Allah, Ingkang-Luhur, Ingkang-Agung.

ذَٰلِكُم بِأَنَّهُ إِذَا دُعِيَ اللَّهُ وَحْدَهُ
كَفَرْتُمْ ۖ وَإِن يُشْرَكْ بِهِ تُؤْمِنُوا ۚ
فَالْحُكْمُ لِلَّهِ الْعَلِيِّ الْكَبِيرِ ﴿١٢﴾

13 Panjenengan iku Kang ameruhaké sira tandha-tandha-Né sarta anurunaké rijeki saka ing langit tumrap marang sira,[2180] sarta ora ana kang angélingi kajaba wong kang tansah madhep (marang Panjenenganė).

هُوَ الَّذِي يُرِيكُمْ آيَاتِهِ وَيُنَزِّلُ
لَكُم مِّنَ السَّمَاءِ رِزْقًا ۚ وَمَا يَتَذَكَّرُ
إِلَّا مَن يُنِيبُ ﴿١٣﴾

2177. Panggething ingkang sakalangkung sanget, ingkang kadhawuhaken wau, inggih punika gethingipun para ingkang sami nindakaken awon dhateng awakipun piyambak, nalika woh awon angsal-angsalaning pandamelipun ingkang awon cumetha tumrap piyambakipun. Lah manawi tiyang ingkang remen ing awon kémawon kalangkung sanget anggènipun anggething dhateng awakipun piyambak, saiba kados punapa genging gethingipun Allah dhateng para titiyang wau nalika sami anindakaken pandamel awon, awit Gusti Allah punika tuking kasucian. Pranyata awit Panjenenganipun punika Mahangapura tuwin Mahaasih, déné Panjenenganipun boten tumunten andhawahi siksa dhateng para titiyang wau.

2178. Pejah ingkang sapisan, inggih punika pejah ingkang minangka pundhating gesang ing ngalam donya punika; déné pejah ingkang angka kalih, punika pejah ruhani, inggih punika narakanipun gesang ing bénjing. Gesang kakalih, punika gesangipun manusa ing ngalam donya samangké punika tuwin anggènipun katangèkaken malih ing bénjing perlu kapurih ngraosaken wohing pandamelipun. Namung limrahipun kawontenan pejah ingkang sapisan punika kasuraos kawontenan '*adam* (kawontenan 'ora ana') ing sadèrènging manusa dipun titahaken.

2179. Suprandéné anèh sanget dhateng Tauhid ingkang murni, boten purun angèstu nanging dhateng sesembahan sanèsipun Allah purun ngandel.

2180. Dhawuh punika anedahaken punapa tegesipun nurunaken satunggaling barang saking langit

14 Mulané padha anguwuha ing Allah kalawan tuhu-tuhuning pambangun turut ing Panjenengané sanajan para kafir padha gething:

فَادْعُوا اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ ﴿١٤﴾

15 Ingkang-Angunggahaké darajat, Ingkang-kagungan purba wisésa;[a] Panjenengané anurunaké *wewedhar sabda*, saka paréntah-É, marang para kawula-Né, kang dadi kaparenging karsa-Né,[2181] supaya dhèwèké apépélinga dina patemon (marang wong-wong),

a. 895
Ar. *ruh*

رَفِيعُ الدَّرَجَاتِ ذُو الْعَرْشِ يُلْقِي الرُّوحَ مِنْ أَمْرِهِ عَلَىٰ مَنْ يَشَاءُ مِنْ عِبَادِهِ لِيُنْذِرَ يَوْمَ التَّلَاقِ ﴿١٥﴾

16 (Ing) dinané dhèwèké padha bakal metu; prakara dhèwèké ingatasé Allah ora ana kang kasamaran sathithik-thithika.[2182] Ing dina iki karaton iku kagungané sapa? Kagungané Allah, Ingkang-Mahatunggal, Ingkang-Amisésa (ing samubarang).

يَوْمَ هُمْ بَارِزُونَ ۖ لَا يَخْفَىٰ عَلَى اللَّهِ مِنْهُمْ شَيْءٌ ۚ لِمَنِ الْمُلْكُ الْيَوْمَ ۖ لِلَّهِ الْوَاحِدِ الْقَهَّارِ ﴿١٦﴾

17 Ing dina iki sarupaning jiwa bakal winales kalawan apa pakolèhing panggawéné; ora bakal ana panganiaya ing dina iki: sayekti, Allah iku rikat ing pangétung.

الْيَوْمَ تُجْزَىٰ كُلُّ نَفْسٍ بِمَا كَسَبَتْ ۚ لَا ظُلْمَ الْيَوْمَ ۚ إِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ ﴿١٧﴾

18 Lan apépélinga marang dhèwèké prakara dina kang wis cepak kalakoné,[2183] ing mangsané ati

وَأَنْذِرْهُمْ يَوْمَ الْآزِفَةِ إِذِ الْقُلُوبُ

---

punika. Déné tegesipun wau boten sanès: bilih Allah anyadhiyakaken sarana kanggé ngangsalaken rejeki, sarta rejeki wau boten kok dipun sadhiyakaken brahala-brahala tuwin sesembahan-sesembahan palsu. Utawi, rejeki saking langit punika ateges rejeki ruhani.

2181. Tembung *rûh* ingkang kagem wonten ing Quran Suci mengku teges *ilham* utawi *wahyu*, punika kabuktèn cetha wonten ing ayat punika, awit sadhéngah tiyang mesthi dipun paringi jiwa, nanging *rûh*, kapangandikakaken wonten ing ngriki, bilih namung kaparingaken dhateng para utusan, sarta ingkang kaseja kanggé memèngeti manusa. Dados ateges wahyuning Pangéran.

2182. Punika mengku teges bilih wohing pandamel ingkang sumingid-sumingid, badhé cumetha ngeblak ing dinten wau, awit boten wonten satunggal punapa ingkang sumingid saking Allah. Bab punika kacethakaken langkung gamblang malih wonten ing ayat sambetipun.

2183. *Al-âzifah* punika saking tembung *zafa*, tegesipun *nyela* (Msb, Q-LL), dados

punika *dina kang wis cepak kalakoné*. Déning para mufassirin sadaya prakawis dipun gathukaken kaliyan dinten kiyamat; nanging Quran ing ngriki kanthi cetha mangandikakaken siksa ing gesang sapunika ingkang sampun celak, déné siksa ing gesang sasampuning pejah, sampun kapangandikakaken ing ayat-ayat ingkang sampun.

padha munjuk tekan ing tenggok amegeng susah;[2184] para wong atindak dudu padha ora duwé mitra kang welas sarta ora duwé juru nglantaraké kang kena dienut.

لَدَى الْحَنَاجِرِ كَاظِمِينَ ۚ مَا
لِلظَّالِمِينَ مِنْ حَمِيمٍ وَلَا شَفِيعٍ
يُطَاعُ ﴿١٨﴾

19 Panjenenganè angudanèni liringing mripat kang cidra sarta apa kang siningidaké déning dhadha.

يَعْلَمُ خَائِنَةَ الْأَعْيُنِ وَمَا تُخْفِي
الصُّدُورُ ﴿١٩﴾

20 Lan Allah iku amancasi kalawan bener; déné para kang padha diuwuh, saliyané Panjenenganè, iku ora bisa mancasi apa-apa; sayekti Allah iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Udani.

وَاللَّهُ يَقْضِي بِالْحَقِّ ۖ وَالَّذِينَ يَدْعُونَ
مِنْ دُونِهِ لَا يَقْضُونَ بِشَيْءٍ ۗ إِنَّ اللَّهَ
هُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ ﴿٢٠﴾

RUKU' 3

Pèpènget ing salebeting lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

21, 22. Kados pundi anggènipun risak umat ingkang rumiyin-rumiyin. 23, 24. Pepèngetipun Kanjeng Nabi Musa dhateng Fir'aun lan Qarun. 25-27. Fir'aun ambujeng para Bani Israil.

21 Apa ta dhèwèké ora padha lalaku ing bumi sabanjuré weruh kapriyé wusanané para wong ing sadurungira? *Iku* tinimbang dhèwèké luwih santosa kakuwatané sarta yayasané[2185] ing bumi, ananging Allah anglebur dhèwèké amarga saka dosa-dosané; lan dhèwèké ora duwé pangayoman panulak (siksaning) Allah.

Ar. *dhèwèké*

أَوَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنْظُرُوا
كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ كَانُوا
مِنْ قَبْلِهِمْ ۚ كَانُوا هُمْ أَشَدَّ مِنْهُمْ
قُوَّةً وَآثَارًا فِي الْأَرْضِ فَأَخَذَهُمُ
اللَّهُ بِذُنُوبِهِمْ ۗ وَمَا كَانَ لَهُمْ
مِنَ اللَّهِ مِنْ وَاقٍ ﴿٢١﴾

22 Iku amarga para utusané wus anekani dhèwèké kalawan bukti-bukti kang terang banjur dhèwèké padha angafiri; mulané Allah anglebur dhèwèké; sayekti Panjenenganè iku Prakosa, Keras ing pamales.

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَانَتْ تَأْتِيهِمْ رُسُلُهُمْ
بِالْبَيِّنَاتِ فَكَفَرُوا فَأَخَذَهُمُ اللَّهُ ۚ
إِنَّهُ قَوِيٌّ شَدِيدُ الْعِقَابِ ﴿٢٢﴾

2184. Ayat punika anggambaraken kalayan cetha kawontenaning manahipun para kafir ing dinten nalika Kanjeng Nabi Suci ambedhah nagari Makkah.

2185. *Atsâr* punika *jama'*-ipun tembung *atsar*, jawinipun *tabet* lan ugi *patilasan ing jaman kina*. Ing ngriki kasuraos mengku teges *griya ageng tuwin bèbètèng* (JB).

23 Lan sayekti, Ingsun wus angutus Musa kalawan timbalan-timbalan-Ingsun sarta pangawasa kang cetha,

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ بِآيَاتِنَا
وَسُلْطَانٍ مُّبِينٍ ﴿٢٣﴾

a. 1870 24 Marang Fir'aun lan Haman[a] sarta Qarun,[2186] ananging iki padha calathu: Juru-kemayan goroh.

إِلَىٰ فِرْعَوْنَ وَهَامَانَ وَقَارُونَ
فَقَالُوا سَاحِرٌ كَذَّابٌ ﴿٢٤﴾

25 Bareng wis tumeka ing dhèwèké kalawan (angemban) kasunyatan saka ngarsa-Ningsun, dhèwèké padha calathu:[2187] Padha patènana anak-anaké lanang para kang padha angèstu anyartani dhèwèké sarta padha uripana para wadon-wadoné; lan ora liya paékaning para kafir iku kajaba bakal tumiba ing karusakan.

فَلَمَّا جَاءَهُم بِالْحَقِّ مِنْ عِندِنَا
قَالُوا اقْتُلُوا أَبْنَاءَ الَّذِينَ آمَنُوا
مَعَهُ وَاسْتَحْيُوا نِسَاءَهُمْ ۚ وَمَا
كَيْدُ الْكَافِرِينَ إِلَّا فِي ضَلَالٍ ﴿٢٥﴾

26 Lan Fir'aun calathu: Aku togna baé, Musa dakpatènané sarta cikbèn anguwuh Pangérané; temen aku kuwatir yèn dhèwèké bakal nyalini agamamu utawa bakal anggelar wisuna ing bumi.

وَقَالَ فِرْعَوْنُ ذَرُونِي أَقْتُلْ مُوسَىٰ
وَلْيَدْعُ رَبَّهُ ۖ إِنِّي أَخَافُ أَن يُبَدِّلَ
دِينَكُمْ أَوْ أَن يُظْهِرَ فِي الْأَرْضِ الْفَسَادَ ﴿٢٦﴾

27 Lan Musa calathu: Sayekti aku angungsi marang Pangéranku lan Pangéranmu saka sarupaning wong kang gumedhé ora angèstu marang dinané pétungan.

وَقَالَ مُوسَىٰ إِنِّي عُذْتُ بِرَبِّي وَرَبِّكُم
مِّن كُلِّ مُتَكَبِّرٍ لَّا يُؤْمِنُ بِيَوْمِ
الْحِسَابِ ﴿٢٧﴾

RUKU' 4

Pèpènget ing salebeting lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

28-35. Tiyang ingkang pitados nanging pitadosipun sinasaban. 36, 37. Fir'aun angemohi Kanjeng Nabi Musa sarta paékanipun Fir'aun lan Haman.

2186. Dhawuh punika boten anedahaken bilih ayahan ingkang dhateng raja Fir'aun, Haman tuwin Qarun punika kadhatengaken sapisan tuwin sareng nunggil samangsa. Déné tegesipun, tiyang titiga punika sami benggolipun tiyang ingkang angemohi ayahan ampilanipun Kanjeng Nabi Musa, sarta ingkang lajeng sami kasirnakaken. Saking panunggilanipun tiyang tiga wau, Qarun piyambak ingkang tiyang Israil sarta ingkang angemohi kanabianipun Kanjeng Nabi Musa. Mirsanana 1895.

2187. Punika boten ateges bilih tiyang tiga ingkang kasebut ing ayat ingkang sampun wau sadaya sami mangsuli Kanjeng Nabi Musa kalayan wangsulan punika. Ayat-ayat tutugipun anedahaken bilih ingkang mangsuli kados makaten punika namung raja Fir'aun piyambak, inggih punika manut

28 Lan ana sawijining wong lanang mukmin panunggalané wongé Fir’aun, kang imané siningidaké, acalathu: Punapa Panjenengan badhé mejahi tiyang jaler dumèh wicanten: Pangéranku Allah, *mangka* saèstu anggènipun andhatengi Panjenengan kalayan bukti-bukti saking Pangéran panjenengan? Manawi piyambakipun punika tiyang dora, doranipun rak badhé andhawahi awakipun piyambak, sarta manawi piyambakipun punika tiyang temen, panjenengan badhé kataman sabagéanipun ingkang dipun ancamaken ing panjenengan; saèstu: Allah punika boten anuntun sinten-sintena ingkang lacut, tiyang dora:[2188]

Ar. *lan*

وَقَالَ رَجُلٌ مُّؤْمِنٌ مِّنْ آلِ
فِرْعَوْنَ يَكْتُمُ إِيمَانَهُ أَتَقْتُلُونَ
رَجُلًا أَن يَقُولَ رَبِّيَ اللَّهُ وَقَدْ جَاءَكُم
بِالْبَيِّنَاتِ مِن رَّبِّكُمْ ۖ وَإِن يَكُ كَاذِبًا
فَعَلَيْهِ كَذِبُهُ ۖ وَإِن يَكُ صَادِقًا
يُصِبْكُم بَعْضُ الَّذِي يَعِدُكُمْ ۖ إِنَّ اللَّهَ
لَا يَهْدِي مَنْ هُوَ مُسْرِفٌ كَذَّابٌ ﴿٢٨﴾

29 O, bangsa kula! ing dinten punika karaton punika sampéyan ingkang andarbèni, ingkang nguwasani wonten ing bumi, ananging sinten ingkang badhé mitulungi kula sadaya saking pidananipun Allah manawi andhatengi kula sadaya? Fir’aun calathu: Ora liya kang dakweruhaké marang kowé kajaba apa kang aku weruh (dhéwé), sarta aku ora nuntun ing kowé kajaba nurut dalan kang bener.

يَا قَوْمِ لَكُمُ الْمُلْكُ الْيَوْمَ ظَاهِرِينَ فِي
الْأَرْضِ فَمَن يَنصُرُنَا مِن بَأْسِ
اللَّهِ إِن جَاءَنَا ۚ قَالَ فِرْعَوْنُ مَا
أُرِيكُمْ إِلَّا مَا أَرَىٰ وَمَا أَهْدِيكُمْ
إِلَّا سَبِيلَ الرَّشَادِ ﴿٢٩﴾

30 Lan wong kang angèstu calathu: Dhuh bangsa kula! saèstu kula

وَقَالَ الَّذِي آمَنَ يَا قَوْمِ إِنِّي أَخَافُ

rembagipun para pangageng rèh-rèhanipun, awit raja Fir’aun lan Haman sami kasebutaken namanipun, tumrap Haman ing ayat angka 36, nanging Qarun boten kasebutaken.

2188. Piyambakipun wicanten, bilih namung sawenèh barang ingkang kaancamaken badhé andhawahi saéstu, awit sih-wilasanipun Allah mesthi nyandhet dhumawahing sawanèh siksa ingkang kasudhiyakaken. Rembagipun tiyang ingkang angèstu punika katandhing kaliyan rembagipun Gamaliel nalika nyuwunaken kaènthèngan sahabat-sahabatipun Kanjeng Nabi ‘Isa; “Mila rembag kula supados sampéan angèndelaken dhumateng tiyang punika, sami kaujaa kémawon; déné manawi prakawis utawi lampah punika pinangkanipun saking manusa, amasthi badhé bibrah piyambak; wangsul manawi pinangkanipun saking Allah, amasthi boten kénging dipun bibrah, namung sampéan sampun ngantos ketélak anglawan dhumateng Allah” (Lalampahanipun para-rasul 5: 38, 39).

عَلَيْكُمْ مِّثْلَ يَوْمِ الْأَحْزَابِ ۝٣٠

nguwatosaken dhateng sampéyan lalampahan saminipun ingkang sami kasandhang para papanthan:[2189]

مِثْلَ دَأْبِ قَوْمِ نُوحٍ وَّعَادٍ وَّثَمُودَ وَالَّذِينَ مِنْۢ بَعْدِهِمْ ۚ وَمَا اللّٰهُ يُرِيدُ ظُلْمًا لِّلْعِبَادِ ۝٣١

31 Saminipun ingkang kasandhang kaumipun Nuh sarta ‘Ad tuwin Tsamud punapa déné para wong ing sapengkeripun piyambakipun, lan Allah punika boten angarsakaken panganiaya dhateng para kawula(-Nipun):

وَيٰقَوْمِ إِنِّيْٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ يَوْمَ التَّنَادِ ۝٣٢

32 Sarta, o, kaum kula! saèstu kula nguwatosaken dhateng sampéyan dintenipun panguwuhing pasambat,[2190]

يَوْمَ تُوَلُّونَ مُدْبِرِينَ ۚ مَا لَكُمْ مِّنَ اللّٰهِ مِنْ عَاصِمٍ ۗ وَمَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَمَا لَهٗ مِنْ هَادٍ ۝٣٣

33 Dintenipun sampéyan sami mundur wangsul; boten badhé sampéyan gadhah juru-milujengaken saking Allah sarta sinten ingkang
a. 44 dipun sasaraken déning Allah,[a]
piyambakipun inggih boten badhé gadhah panuntun:[2191]

2189. يوم الاخزاب punika tegesipun وقائع الامم الماضية jawinipun *lalampahan-lalampahan ingkang kasandhang umat ingkang sampun-sampun* (Bd). *Para golongan* tegesipun para golongan ingkang sami saéka-praya milawani para andika nabi. Tembung *yaum* punika wonten ing basa Arab dipun anggé kados déné tembung *day* ing basa Inggris, mengku teges *pépérangan* (LL), sarta ukara ايام العرب ingkang wantahipun ateges *dina-dinané bangsa Arab*, punika mengku teges lalampahan-lalampahan utawi pépérangan-pépérangan. Milanipun kula jarwani kasandhang boten nama anèh, manawi tiyang Mesir mangertos kados pundi risakipun sawenèh umat ing tapel watesipun tanah Arab.

2190. يوم التناد tegesipun *dintening (tiyang) sami anguwuh-uwuh satunggal dhateng satunggalipun*, inggih punika dinten utawi wekdal kasusahan, ingkang ing ngriku saben tiyang anguwuh nedha pitulungan dhateng tiyang sanès awit cacak saben tiyang sampun boten saged mitulungi awakipun piyambak tuwin tiyang sanès. Sadhéngah dinten (wekdal) kasusahan punika *dinaning panguwuh*, dados pratélan punika boten kedah namung kamligèkaken tumrap ing dinten pancasan kémawon. Kosokwangsulipun, kados déné ingkang kacetha ugi wonten ing ayat candhakipun, dinten ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika terang manawi dintening siksa ingkang andhawahi umat wau ing gesang punika ugi.

2191. Sinten ingkang dipun sasaraken déning Allah, punika katerangaken wonten ing ayat sambetipun ugi: “Lah kaya mangkono Allah anggoné nasaraké wong kang angluwihi wates, tukang semang-semang: yaiku kang padha madoni ing bab timbalané Allah tanpa waton apa-apa kang pinangkané saka paparing-É.”

34 Lan saèstu, kala rumiyin temen Yusuf sampun andhatengi sampéyan kalayan bukti-bukti, ananging sampéyan tansah sami dumunung ing semang-semang dhateng punapa ingkang dipun bekta; ngantos, nalika piyambakipun tilar donya, sampéyan sami wicanten: Ing sapungkuré dhèwèké ora bakal Allah anjumenengaké utusan manèh. Kaya mangkono iku Allah anggoné anasaraké sapa-sapa sing lacut, asemang-semang.

وَلَقَدْ جَآءَكُمْ يُوسُفُ مِنْ قَبْلُ
بِالْبَيِّنٰتِ فَمَا زِلْتُمْ فِىْ شَكٍّ مِّمَّا
جَآءَكُمْ بِهٖ ؕ حَتّٰٓى اِذَا هَلَكَ قُلْتُمْ
لَنْ يَّبْعَثَ اللّٰهُ مِنْۢ بَعْدِهٖ رَسُوْلًا ؕ
كَذٰلِكَ يُضِلُّ اللّٰهُ مَنْ هُوَ مُسْرِفٌ مُّرْتَابٌ ۝٣٤

35 Para kang padha amadoni ing timbalan-timbalaning Allah kala-
Ut. *wawaton* wan tanpa *pikuwat* kang kaparing-
aké marang dhèwèké; iku banget sinengitan mungguh ing Allah sarta mungguhing para kang padha angèstu. Kaya mangkono Allah anggoné angecap marang sarupaning atiné wong kang gumedhé, wong kumawasa.

الَّذِيْنَ يُجَادِلُوْنَ فِىْٓ اٰيٰتِ اللّٰهِ بِغَيْرِ
سُلْطٰنٍ اَتٰىهُمْ ؕ كَبُرَ مَقْتًا عِنْدَ اللّٰهِ
وَعِنْدَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ؕ كَذٰلِكَ يَطْبَعُ
اللّٰهُ عَلٰى كُلِّ قَلْبِ مُتَكَبِّرٍ جَبَّارٍ ۝٣٥

36 Lan Fir'aun acalathu: É, Hamman! aku yasakna papanggungan, supaya aku duwé sarana kanggo angunggahi,

وَقَالَ فِرْعَوْنُ يٰهَامٰنُ ابْنِ لِىْ
صَرْحًا لَّعَلِّىْٓ اَبْلُغُ الْاَسْبَابَ ۝٣٦

37 Sarana kanggo angunggahi langit-langit, banjur sumengka marang Sesembahané Musa, lan satemené, aku iki ora ngira temenan, dhèwèké iku wong goroh.[2192] Lan kaya mangkono iku alaning panggawéning anggoné pinaès-paès tumrap Fir'aun, sarta dhèwèké sinimpangaké saka ing dalan, lan
Ut. *upayané* ora liya *pérangé* Fir'aun iku kajaba
nibakaké awaké ing karusakan.

اَسْبَابَ السَّمٰوٰتِ فَاَطَّلِعَ اِلٰٓى اِلٰهِ
مُوْسٰى وَاِنِّىْ لَاَظُنُّهٗ كَاذِبًا ؕ وَكَذٰلِكَ
زُيِّنَ لِفِرْعَوْنَ سُوْٓءُ عَمَلِهٖ وَصُدَّ
عَنِ السَّبِيْلِ ؕ وَمَا كَيْدُ فِرْعَوْنَ
اِلَّا فِىْ تَبَابٍ ۝٣٧

2192. Rèhning Kanjeng Nabi Musa mangandikakaken Pangéraning langit-langit lan bumi, milanipun Fir'aun lajeng anggugujeng bab prakawis punika, sarwi wicanten bilih badhé yasa panggung kanggé nempuh Allah-ipun Kanjeng Nabi Musa.

RUKU' 5

Pèpènget ing salebeting lalampahanipun Kanjeng Nabi Musa

38-44. Tiyang ingkang angèstu nglairaken pèpèngetipun malih. 45. Siksa andhawahi Fir'aun. 46-50. Para panuntuning piawon sarta para ingkang manut sami tutuh-pinutuh.

38 Lan wong kang angèstu acalathu: O, kaumku! padha mituruta aku, padha daktuntun ing dalan kang bener:

وَقَالَ الَّذِيٓ اٰمَنَ يٰقَوْمِ اتَّبِعُوْنِ
اَهْدِكُمْ سَبِيْلَ الرَّشَادِ ۚ ٣٨

39 O, kaumku! kauripan donya iki mung kabungahan (kang ora langgeng), lan sayekti akhirat, iku padunungan kang tetep dienggoni:

يٰقَوْمِ اِنَّمَا هٰذِهِ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا مَتَاعٌ ۖ
وَّاِنَّ الْاٰخِرَةَ هِيَ دَارُ الْقَرَارِ ٣٩

40 Sapa sing anglakoni ala, lah ora bakal winales kajaba satimbangé, lan sapa sing anglakoni becik, apa wong lanang apa wong wadon sarta dhèwèké iku wong angèstu, iku bakal padha malebu ing taman, ana ing kono bakal pinaringan rijeki kalawan tanpa pétung:

مَنْ عَمِلَ سَيِّئَةً فَلَا يُجْزٰٓى اِلَّا
مِثْلَهَا ۚ وَمَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِّنْ
ذَكَرٍ اَوْ اُنْثٰى وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَاُولٰٓئِكَ
يَدْخُلُوْنَ الْجَنَّةَ يُرْزَقُوْنَ فِيْهَا
بِغَيْرِ حِسَابٍ ٤٠

41 Sarta, o, kaumku! apa ta karanané déné aku angajak kowé marang karahayon lan kowé padha angajak aku marang geni?

وَيٰقَوْمِ مَا لِيْٓ اَدْعُوْكُمْ اِلَى النَّجٰوةِ وَ
تَدْعُوْنَنِيْٓ اِلَى النَّارِ ٤١

42 Kowé padha angajak aku supaya aku angafirana ing Allah sarta anyakuthokaké karo Panjenengané barang kang aku ora duwé ngilmuné, lan aku angajak kowé marang Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Aparamarta:

تَدْعُوْنَنِيْ لِاَكْفُرَ بِاللّٰهِ وَاُشْرِكَ
بِهٖ مَا لَيْسَ لِيْ بِهٖ عِلْمٌ ۖ وَّاَنَا
اَدْعُوْكُمْ اِلَى الْعَزِيْزِ الْغَفَّارِ ٤٢

43 Ora ana semang-semangé yèn pangajakmu ing aku iku anguwuh marang barang kang ing donya iki ora duwé wewenang diuwuh, mangkono uga ing akhirat,

لَا جَرَمَ اَنَّمَا تَدْعُوْنَنِيْٓ اِلَيْهِ لَيْسَ
لَهٗ دَعْوَةٌ فِى الدُّنْيَا وَلَا فِى الْاٰخِرَةِ

sarta (ora ana semang-semangé) yèn baliku iku marang Allah, lan ora (ana semang-semangé) yèn wong kang padha mlangkah wates iku kang padha manggon ing geni:

وَأَنَّ مَرَدَّنَآ إِلَى ٱللَّهِ وَأَنَّ ٱلْمُسْرِفِينَ
هُمْ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ﴿٤٣﴾

44 Mulané kowé bakal padha éling apa calathuku marang kowé, sarta aku amasrahaké prakaraku marang Allah: sayekti Allah iku Ngudanèni marang para kawula (-Né).

فَسَتَذْكُرُونَ مَآ أَقُولُ لَكُمْ ۚ وَأُفَوِّضُ
أَمْرِىٓ إِلَى ٱللَّهِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ بَصِيرٌۢ بِٱلْعِبَادِ ﴿٤٤﴾

45 Tumuli Allah angreksa dhèwèké saka alaning (kadadèané) anggoné padha anandukaké upaya sarta siksa kang ala anibani wadyabalané Fir'aun:

فَوَقَىٰهُ ٱللَّهُ سَيِّـَٔاتِ مَا مَكَرُوا۟ وَحَاقَ
بِـَٔالِ فِرْعَوْنَ سُوٓءُ ٱلْعَذَابِ ﴿٤٥﴾

46 Yaiku geni; dhèwèké bakal padha digawa mrono (saben ésuk) lan soré, sarta ing dina jumenengané kiyamat (bakal padha dipangandikani): Wadyané Fir'aun padha lebokna ing siksa kang abot.

ٱلنَّارُ يُعْرَضُونَ عَلَيْهَا غُدُوًّا وَ
عَشِيًّا ۚ وَيَوْمَ تَقُومُ ٱلسَّاعَةُ أَدْخِلُوٓا۟
ءَالَ فِرْعَوْنَ أَشَدَّ ٱلْعَذَابِ ﴿٤٦﴾

47 Lan nalika padha diya-diniya ana sajroning geni, kang padha apes bakal acalathu marang para kang padha gumedhé: Sayekti aku iki para pandhèrèkmu, lah apa kowé bisa anyingkiraké geni iku sapérangan saka ing *kéné*?

Ar. *aku*

وَإِذْ يَتَحَآجُّونَ فِى ٱلنَّارِ فَيَقُولُ ٱلضُّعَفَٰٓؤُا۟
لِلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوٓا۟ إِنَّا كُنَّا لَكُمْ تَبَعًا فَهَلْ
أَنتُم مُّغْنُونَ عَنَّا نَصِيبًا مِّنَ ٱلنَّارِ ﴿٤٧﴾

48 Para kang padha gumedhé acalathu: Sayekti aku padha ana ing sajeroné kono kabèh: Sayekti Allah wus amancasi *para* kawula (-Né).

Ar. *antara-ning para*

قَالَ ٱلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوٓا۟ إِنَّا كُلٌّ فِيهَآ
إِنَّ ٱللَّهَ قَدْ حَكَمَ بَيْنَ ٱلْعِبَادِ ﴿٤٨﴾

49 Lan para kang padha ana sajroning geni acalathu marang kang anjaga naraka: Sampéyan nyuwun ing Pangéran sampéyan, kaparenga angènthèngaken siksa punika dhateng kula sadinten kémawon.

وَقَالَ ٱلَّذِينَ فِى ٱلنَّارِ لِخَزَنَةِ
جَهَنَّمَ ٱدْعُوا۟ رَبَّكُمْ يُخَفِّفْ عَنَّا يَوْمًا
مِّنَ ٱلْعَذَابِ ﴿٤٩﴾

50 Dhèwèké bakal padha mangsuli: Apa para utusanmu ora wus angrawuhi kowé kalawan tandhatandha yekti? Wangsulané: inggih, calathuné: Mulané padha nyuwuna. Lan panyuwuné para kafir iku ora liya kajaba dumunung ing *luput*.

قَالُوٓا أَوَلَمْ تَكُ تَأْتِيكُمْ رُسُلُكُم بِالْبَيِّنٰتِ ۖ قَالُوا بَلٰى ۚ قَالُوا فَادْعُوا ۗ وَمَا دُعٰٓؤُا الْكٰفِرِينَ إِلَّا فِى ضَلٰلٍ ﴿٥٠﴾

Ut. *sasar*

RUKU' 6

Para Utusan punika tinulungan

51. Para utusan tinulungan ing gesang sapunika-punika. 52. Para atindak dédé awon wusananipun. 53-55. Kanjeng Nabi badhé angsal kamenangan kados déné Kanjeng Nabi Musa. 56-60. Para ingkang umuk badhé sami kadhawahaken ing asor.

51 Sayekti, temen Ingsun amitulungi para utusan Ingsun sarta para kang padha angèstu, ing dalem kauripan donya iki sarta ing dina ngadegé para saksi,[2193]

إِنَّا لَنَنْصُرُ رُسُلَنَا وَالَّذِينَ اٰمَنُوا فِى الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَيَوْمَ يَقُومُ الْأَشْهٰدُ ﴿٥١﴾

52 Dina, kang para atindak dudu angggoné angaturaké tangaduré ora bakal migunani sarta bakal padha olèh bebendu tuwin bakal padha olèh padunungan kang ala.

يَوْمَ لَا يَنْفَعُ الظّٰلِمِينَ مَعْذِرَتُهُمْ وَلَهُمُ اللَّعْنَةُ وَلَهُمْ سُوٓءُ الدَّارِ ﴿٥٢﴾

53 Lan sayekti temen Ingsun wus amaringi tuntunan Musa sarta Ingsun amarisaké Kitab marang para turuning Israil,

وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوسَى الْهُدٰى وَأَوْرَثْنَا بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ الْكِتٰبَ ﴿٥٣﴾

54 Tuntunan lan pépéling tumrap para kang kasinungan akal.

هُدًى وَّذِكْرٰى لِأُولِى الْأَلْبٰبِ ﴿٥٤﴾

55 Mulané disabar; sayekti janjining Allah iku nyata; sarta nyuwuna pangayoman tumrap kaluputanira[2194] tuwin *asasantia* kalawan pangalembananing Pangéranira ing wayah soré lan ésuk.

Ut. *mahasucèkna*

فَاصْبِرْ إِنَّ وَعْدَ اللّٰهِ حَقٌّ وَّاسْتَغْفِرْ لِذَنْۢبِكَ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ بِالْعَشِىِّ وَالْإِبْكٰرِ ﴿٥٥﴾

2193. Ing ngriki wonten janji ingkang sakalangkung ceplos, bilih para utusan mesthi kaparingan pitulung ing gesang sapunika punika. Sanajan dipun kaniaya di kadosa punapa sangetipun, para utusan wau ing wasananipun mesthi badhé dipun damel menang kaliyan mengsah-mengsahipun.

2194. Dhawuh ingkang mungel اِسْتَغْفِرْ لِذَنْۢبِكَ ingkang kasebut ing ngriki tuwin ingkang kaambalan wonten ing 47: 19, punika para titiyang Nasrani kaanggep dados sabab ingkang enggel

piyambak kanggé ngemohi utawi maiben ing kautusipun Kanjeng Nabi Suci. Mila makaten, awit miturut panganggepipun dhawuh wau mratandhani bilih Kanjeng Nabi Suci punika boten suci ing dosa; sarta rèhning sariranipun piyambak boten suci saking dosa, tangèh lamun panjenenganipun saged anucèkaken ing tiyang sanès saking dosa. Makaten cekakaning anggènipun mancahi tiyang Nasrani dhateng agami Islam. Prakawis angka satunggal ingkang gagandhèngan kaliyan bab punika, ingkang perlu dipun èngeti, inggih punika ngantos ambal kaping gangsal katerangaken wonten ing Quran Suci, bilih Kanjeng Nabi Suci punika tukang anucèkaken saking dosa ing tiyang sanès, inggih punika ing 2: 129, 151; 3: 163; 9: 103: tuwin 62: 2. Dados awit saking punika, manawi "tansah laras", punika dados sarat rukunipun merdéni kitab, boten wonten dhawuhipun Quran Suci satunggal-tunggala, ingkang kénging dipun werdèni mengku suraos ingkang cengkah kaliyan dhawuh katerangan ingkang terang gamblang wau. Menggah ing sajatos-jatosipun, manawi kita maos kitab-kitab sucinipun sadaya agami, kita boten badhé nrenjuhi wonten nabi utawi juru-pambangun ingkang katerangaken dados *tukang-nucèkaken* ing ngasanès kados Kanjeng Nabi Suci Muhammad. Pantes ugi dipun pèngeti bilih pratélan Kanjeng Nabi Suci tukang nucèni dosa, punika boten kok namung asifat pangaken blaka; awit dhawuh pratélan ingkang makaten wau ngemungaken kasebut wonten ing *surat-surat* ingkang tumurun ing Madinah, inggih punika jaman nalika Kanjeng Nabi Suci nyata kelampahan saèstu amintonaken sariranipun dados tukang nucèni dosa. Nyata panjenenganipun sampun anucèni para warganing umat utawi bangsa kathah sanget ingkang klelep wonten ing salebeting kanisthan ingkang anglangkungi ngantos pinten-pinten abad. Dados, murih runtutipun kedahipun kita boten negesi dhawuh Quran Suci mawi teges ingkang cengkah kaliyan dhawuh pratélan ingkang terang gamblang wau.

Malih, marambah-rambah kapangandikakaken ing Quran Suci bilih Kanjeng Nabi punika tansah ngambah margining katulusan ingkang sampurna tuwin sumarah ingkang ambabar pisani dhateng Allah. Ambangun-turut dhateng Kanjeng Rasul punika ateges ambangun-turut dhateng Allah (4: 80); manawa kowé tresna ing Allah, lah padha manuta ing aku, Allah mesthi bakal remen marang kowé (3:30); punika lan pratélan sanèsipun malih atusan ingkang nunggil suraos, punika sadaya kalayan terang, bilih Quran boten pisan-pisan marengaken kita mastani Kanjeng Nabi Suci nemahi dosa. Salajengipun manawi kita purun naliti dhadhawuhanipun Kitab Suci Quran, saya katingal cetha buktinipun bilih Quran boten babar pisan marengaken kita mastani dosa dhateng sadhéngah nabi: "Ora padha anglancangi Panjenengané kalawan pangucap sarta mung padha nindakaké marang paréntahé Panjenengané" (21:27). I'tiqad "para andika nabi sami suci ing dosa," kajawi namung wonten bédaning pamanggih ingkang namung sakedhik sanget, punika sami dipun ugemi sadaya pandhèrèkipun Quran Suci.

Samangké sumangga kita sami ngoncèki ungeling dhawuh ingkang saweg karembag punika. Ukara وَّاسْتَغْفِرْ لِذَنْۢبِكَ punika wonten tembungipun kakalih, inggih punika *istigfâr* tuwin *dhanb* Tembung *dhanb* sampun katerangaken panjang wonten ing 393. Ing ngriku sampun katerangaken bilih *dhanb* punika boten walaka ateges *dosa*; dosa, punika ing basa Arab tembungipun ingkang trep *itsm*. Kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing ngriku, menggah ing sajatos-jatosipun tembung *dhanb* punika mengku *sawarnining kikirangan ingkang tuwuhipun boten dipun jarag* utawi *margi boten kuwagang*, tuwin ugi ateges *cacad* utawi *kuciwa ingkang saged ugi mahanani woh ingkang boten sakéca*. Gantos tembung *istigfâr*. Tembung punika manut rimbug *istif'âl*, tegesipun nedha *gafr* utawi *magfirah*. Miturut Rgh *gafr* punila ateges الباس مايصونه عن الدنس jawinipun *tutupipun satunggaling barang, ingkang asarana punika barang wau kareksa saking rereged*. Awit saking punika (ugi manut Rgh wau), milanipun tembung *gufran* tuwin *magfirah* punika tumrap Gusti Allah ateges *Panjenenganipun paring pangayoman dhateng kawula-Nipun saking siksa*. Sarta tembung *istagfara* katerangaken kanthi cetha ateges *nyuwun dhateng Pangéran tutup* utawi *pangapunten* utawi *pamuwung* (LL-TA) Dados cetha bilih suraos *pangayoman* punika suraos ingkang nyrambahi wonten ing tembung *gafr* dalah ririmbaganipun, sarta tembung wau boten namung ateges *pangapuntening dosa* kémawon, nanging ugi ateges *nutup dosa*, ingkang menggah ing warni ingkang sajatosipun *paring pangayoman* utawi *pangreksa saking dosa*. LL nyebutaken wawaton warni-warni ingkang nedahaken bilih ukara غفر الامر بغفرته (ingkang wantahipun ateges *nutupi prakara kalawan tutupé*) punika ateges *ambeneraké prakara kalawan sabarang ingkang kuduné dianggo ambeneraké iku*. Dados, sampun terang bilih *gafr* punika mengku kalih prakawis: (1) tumrap kalepatan ingkang sampun katindakaken, ateges *pangreksa* utawi *pangayoman saking siksa*; (2) tumrap kalepatan ingkang saged

Ut. *tandha-yekti*	56 Sayekti para kang padha amadoni ing timbalan-timbalaning Allah kalawan tanpa *pikuwat* kang kaparingaké marang awaké, iku dhadhané ora liya kang ana kajaba mung (kapéngin) dadi gedhé, kang dhèwèké ora bakal katekan; mulané nyuwuna pangungsèn ing Allah; sayekti Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Angudanéni.	إِنَّ الَّذِينَ يُجَادِلُونَ فِيٓ ءَايَٰتِ اللَّهِ بِغَيْرِ سُلْطَٰنٍ أَتَىٰهُمْ ۙ إِن فِي صُدُورِهِمْ إِلَّا كِبْرٌ مَّا هُم بِبَٰلِغِيهِ ۚ فَاسْتَعِذْ بِاللَّهِ ۖ إِنَّهُۥ هُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ ﴿٥٦﴾

ugi badhé katindakaken utawi ingkang tumrap manusa asring dipun terak, ateges *nindakaken punika*, ingkang menggah ing sajatosipun sami kaliyan *ngleresaken*. Awit saking punika dados *istigfar* punika mengku teges kakalih: *tutup* tuwin *pangapunten* inggih punika *nyuwun reksa sampun ngantos nindakaken kalepatan, ingkang tumrapipun manusa asring katerak*, tuwin *nyuwun reksa sampun ngantos kadhawahan siksaning kalepatan ingkang sampun katindakaken*.

Sapunika mangga kita sami ningali kados pundi panganggénipun tembung wau wonten ing Quran Suci. Saged ugi panganggénipun tembung wau tumrap sawenèh nabi kénging dipun pabeni. Nanging wonten masakalanipun tembung wau kalayan terang mengku teges ingkang langkung nyrambahi utawi langkung jembar. Minangka tuladha, nalika Kanjeng Nabi Musa nguningani umatipun sami nemahi dosa nembah pedhèt, tuwin nalika panjenenganipun andhahar rembagipun Kanjeng Nabi Harun ingkang nedahaken bilih panjenenganipun boten tumut-tumut damel pedhèt, Kanjeng Nabi Musa andodonga dhateng Gusti Allah, unjukipun: رب اغفرلي ولاخي jawinipun *Dhuh Pangéran kawula! mugi Paduka paring pangayoman dhateng kawula tuwin dhateng sadhèrèk kawula* (7: 151). Jarwan punika jarwan ingkang leres, awit panjenenganipun (Kanjeng Nabi Musa) utawi ingkang raka (Kanjeng Nabi Harun) boten dosa, dados donga wau panyuwun mugi kareksaa sampun ngantos anindakaken dosa. Malih, dhawuh ingkang mangandikakaken bab prakawis tetedhan haram, ingkang ing ngriku kasebutaken migunakaken tetedhan ingkang haram dipun parengaken samangsa kapeksa déning kaperluan, punika mungel makaten dhawuhipun. “Ananging sapa sing kapeksa, ora saka kapéngingé, lan ora angliwati wates, lah ora dosa ingatasé dhèwèké ; sayekti Allah iku Aparamarta (*Gafur*), Mahaasih” (2: 173). Ingkang perlu dipun pèngeti sanajan sampun katerangaken ing dhawuh ngriku, bilih tiyang boten dosa manawi kados makaten kawontenanipun, suprandéné sifating Pangéran ingkang kasebutaken wonten ing ngriku *gafur*, *Ingkang-paring pangayoman*, ingkang limrahipun dipun jarwani *Aparamarta* utawi *Mahangapura*.

Tuladha ing ngandhap punika inggih punika ingkang nuladhani panganggénipun tembung *gafr* tuwin tembung-tembung ingkang asal rimbagan saking tembung wau – saged saya damel cethanipun teges wau. Ing pungkasaning surat ingkang angka kalih, wonten piwulang donga:

واعف عنا واغفرلنا وارحمنا ingkang wonten tembungipun makaten jawinipun: *Saha mugi Tuwan angapunten ing kawula tuwin angayomi kawula punapa déné angasihana kawula* (2: 286). Tembung *igfir* ing ngriki saged-sagedipun namung dipun jarwani *mugi angayomi kawula*, awit manawi dipun tegesi *ngapunten*, tembung wau nama tembung ingkang tanpa guna, awit ing ngriku sampun wonten tembung *ngapunten*. Tigang prakawis ingkang béda-béda, ingkang kasuwun wonten ing ngriki punika, inggih punika (1) nyuwun pangapuntening dosa ingkang sampun katindakaken; (2) nyawun pangayoman saking dosa, ingkang turnrap manusa cepak anglampahi; (3) nyuwun sih utawi nugraha saking Pangéran. Panyuwun tigang prakawis wau sampun katata kalayan runtut, jalaran sih utawi nugraha, punika namung kaparingaken manawi tiyang punika kareksa saking tumindhak dosa, mangka ingkang nama makaten punika manawi kalepatan ingkang sampun katindakaken, wohipun ingkang awon boten andhawahi piyambakipun. Malih, ing 17: 25 kasebutaken:

ان تكونوا صلحين فانه كان للاوابين غفورا *Manawa sira iku becik, lah sayekti Panjenengané iku ingkang maringi pangayoman marang para kang tansah mratobat marang Panjene-*

57 Sayekti dumadiné langit-langit lan bumi iku luwih agung tinimbang dumadiné para manusa, ananging sing akèh manusa iku padha ora weruh.[2195]

لَخَلْقُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ اَكْبَرُ مِنْ خَلْقِ النَّاسِ وَلٰكِنَّ اَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُوْنَ ﴿٥٧﴾

---

ngané. Ing ngriki tembung *Gafur* boten kula jarwani *Ingkang-Mahangapura*, nanging *Ingkang paring pangayoman*, jalaran ing ngriku boten wonten ingkang nyebutaken "tiyang dosa" utawi "dosa" dados mesthinipun boten wonten pangapuraning dosa. Ing ngriku kasebutaken, Pangéran *Gafur* punika manawi ginantungan ing sarat, *manawa kowé padha dadi wong Shâlihin*. Lah *Shâlih* punika *tiyang ingkang nindakaken pandamel saé* (*Shâlihât* punika wonten ing saglembenging Quran Suci dipun anggé kalayan mengku teges *pandamel saé*, saben-saben dipun dhawuhaken). Kadhawuhaken, Allah *Gafûr* punika namung tumrap *para ingkang sami nindakaken pandamel saé*; suraos makaten wau saya katingal langkung cetha malih wontenipun tembung *awwâbin*, *kang tansah mratobat marang Panjenengané* ing wekasaning dhawuh, inggih punika tetembungan ingkang ajeg dipun anggé nembungaken kawula ingkang tulus. Dados, sampun terang bilih *Gafur* tumrap kawontenan ingkang kados makaten punika ateges *Ingkang paring pangayoman* sampun ngantos nindakaken dosa, ingkang manusa, sebagai manusa, cepak sok nrajang.

Wonten tuladhanipun malih ingkang cetha bab panganggènipun tembung wau, inggih punika ingkang pinanggih wonten ing 40: 7. Ing ngriku kasebutaken bilih para malaikat sami andongakaken para titiyang tulus makaten: *Mugi paring pangayoman dhateng para ingkang sami wangsul dhateng Paduka tuwin miturut margi Paduka*. Tembungipun ingkang asli *igfir*, ingkang tumrapipun ing ngriki boten saged dipun jarwani *ngapunten*, awit ingkang kabetahaken para titiyang ingkang sami nurut margining Allah punika sanès *pangapuntening dosa*, nanging *pangayoman saking dosa*. Panyuwun sambetipun nedahaken bilih teges makaten punika ingkang leres, awit panyuwun 40: 9 ingkang mungel: *Sarta mugi Tuwan angreksa piyambakipun saking pandamel awon* punika kénging winastan nerangaken teges ingkang kados makaten wau. Tembung *igfir* ingkang kagem wonten ing 66: 8 saged suka pancasan bab prakawis punika, awit ing ngriku amarga para titiyang ingkang sampun lumebet suwarga sami nunuwun makaten: "Dhuh Pangéran kawula! mugi Tuwan nyampurnakaken tumrap kawula papadhang kawula, tuwin mugi Tuwan paring pangayoman dhumateng kawula." Tembungipun ingkang asli *igfirlanâ*; nyuwun panganputening dosa sampun boten dados rembag manawi sampun lumebet ing suwarga.

Dados awit saking punika اِسْتَغْفِرْ لِذَنْۢبِكَ punika ateges *nyuwuna pangayoman tumrap kaluputanira*, inggih punika nyuwun pangayoman saking sifat kasèkènganipun manusa, ingkang sok mahanani manusa tumindak dosa samangsa boten angsal pangayomanipun Pangéran. Ngemungaken kados ingkang sampun kasebut wau, teges ingkang laras kaliyan sifatipun para nabinipun Pangéran kados ingkang katerangaken ing Quran Suci. Prakawis sanès malih ingkang perlu dipun èngeti, inggih punika: saben tiyang ingkang katuju ing dhawuh namung satunggal (*mufrad*, *singular*, *enkelvoud*), lajeng dipun anggep bilih dhawuh wau mesthi namung tartamtu tumuju dhateng Kanjeng Nabi Suci piyambak, punika panyuraos ingkang lepat. Ing Quran asring sanget wonten pangandika ingkang kados makaten wau, ingkang katujokaken dhateng para maosipun utawi dhateng sadhéngah tiyang; dados boten wonten satunggal punapa ingkang anedahaken bilih namung Kanjeng Nabi Suci Muhammad piyambak, ingkang katuju ing dhawuh punika utawi dhawuh ing 47: 19, ingkang ugi kados makaten wau. Katerangan sanèsipun malih kasebut ing 2307.

2195. *An-nâs*, utawi *manusa*, punika sawenèh ngulami dipun suraos ateges *ad-dajjâl*, ing basa Jawi *dajjal* (Maalimu-t-Tanzil). Punika anedahaken ugi, bilih *dajjal* punika sanès namanipun satunggaling tiyang. Ing ngriku ugi nyebutaken hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci makaten: "Hisyam bin Amir ngriwayataken bilih naté mireng, Rasulullah ngandika bilih wiwit tumitahing manusa dumugi dhatenging Sa'ah (dinten kiyamat) boten naté wonten titah, ingkang fitnahipun (cobipun utawi pancabayanipun) langkung ageng katimbang fitnahipun Dajjal." Fitnahipun jaman samangké ambuktèkaken kayektènipun dhawuh punika. Nanging suraosipun dhawuh punika dados cetha pratéla manawi *an-nâs* dipun jarwani mawi tegesipun ingkang wantah.

Ar. *lan ora*

58 Lan ora padha wong kang wuta iku karo wong kang awas, *mangkono uga* para kang padha angèstu sarta alaku becik karo wong ala; sathithik sira kang padha angalap éling.

وَمَا يَسْتَوِي الْأَعْمَىٰ وَالْبَصِيرُ ۙ
وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَ
لَا الْمُسِيءُ ۚ قَلِيلًا مَا تَتَذَكَّرُونَ ﴿٥٨﴾

Ut. *kiyamat*
Ar. *ing kono*

59 Sayekti, *titining mangsané* iku masthi tumeka, *iku* ora ana semang-semangé, ananging manusa iku sing akèh padha ora pracaya.

إِنَّ السَّاعَةَ لَآتِيَةٌ لَا رَيْبَ فِيهَا
وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٥٩﴾

Ar. *marang sira*

60 Lan Pangéranira angandika: Padha nyuwuna marang Aku, Aku bakal anyembadani *panyuwunira.* Sayekti para kang padha gumedhé angemohi pangibadah marang Aku, iku tumuli bakal padha lumebu naraka, diinakaké.

وَقَالَ رَبُّكُمُ ادْعُونِي أَسْتَجِبْ لَكُمْ ۚ
إِنَّ الَّذِينَ يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ عِبَادَتِي
سَيَدْخُلُونَ جَهَنَّمَ دَاخِرِينَ ﴿٦٠﴾

RUKU' 7

Kawasanipun Gusti Allah

61-64. Gusti Allah punika Ingkang-Nitahaken sagung dumadi. 65-66. Panjenenganipun piyambak kedahipun ingkang sinembah. 67-68. Ingkang-Nitahaken manusa.

61 Allah iku Kang agawé wengi tumrap marang sira supaya ing kono sira padha lerem, sarta raina supaya bisa andulu. Sayekti Allah iku lubèr paparing-É marang manusa, ananging manusa iku sing akèh padha ora sukur.

اللَّهُ الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ اللَّيْلَ لِتَسْكُنُوا
فِيهِ وَالنَّهَارَ مُبْصِرًا ۚ إِنَّ اللَّهَ لَذُو
فَضْلٍ عَلَى النَّاسِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ
لَا يَشْكُرُونَ ﴿٦١﴾

62 Iku Allah, Pangéranira, Kang-Anitahaké samubarang; ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; lah kapriyé anggonira bisa keblinger?

ذَٰلِكُمُ اللَّهُ رَبُّكُمْ خَالِقُ كُلِّ شَيْءٍ ۘ
لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ فَأَنَّىٰ تُؤْفَكُونَ ﴿٦٢﴾

63 Kaya mangkono iku anggoné para kang padha angemohi timbalan-timbalaning Allah padha diblingeraké.

كَذَٰلِكَ يُؤْفَكُ الَّذِينَ كَانُوا بِآيَاتِ
اللَّهِ يَجْحَدُونَ ﴿٦٣﴾

Ut. *méga ... wangon* a. 35

64 Allah iku Kang wus agawé bumi tumrap marang sira minangka palèrènan sarta *langit* minangka *yayasan*,[a] sarta Panjenengané wus amangun sira banjur ambecikaké wangunira, apa déné Panjenengané angrijekèni sira arupa barang kang becik-becik; iku Allah, Pangéranira; mulané mahabarkah Allah iku, Pangéraning ngalam kabèh.

اَللّٰهُ الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ الْاَرْضَ قَرَارًا
وَّالسَّمَاۤءَ بِنَاۤءً وَّصَوَّرَكُمْ فَاَحْسَنَ
صُوَرَكُمْ وَرَزَقَكُمْ مِّنَ الطَّيِّبٰتِۗ ذٰلِكُمُ
اللّٰهُ رَبُّكُمْۚ فَتَبٰرَكَ اللّٰهُ رَبُّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٦٤﴾

65 Panjenengané iku Ingkang-Gesang, ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; mulané anguwuha Panjenengané, kalawan tuhu-tuhuning pambangun-turut ing Panjenengané; sakèhing pangalembana iku kagungané Allah, Pangéraning ngalam kabèh.

هُوَ الْحَيُّ لَآ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ فَادْعُوْهُ
مُخْلِصِيْنَ لَهُ الدِّيْنَۗ اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ
رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٦٥﴾

66 Calathua: Sayekti aku iki dilarangi angabdi marang apa kang padha kouwuh saliyané Allah bareng bukti-bukti kang terang saka Pangéranku wus tumeka marang aku, sarta aku diparéntahi sumarah marang Pangéraning ngalam kabèh.

قُلْ اِنِّيْ نُهِيْتُ اَنْ اَعْبُدَ الَّذِيْنَ
تَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ لَمَّا جَاۤءَنِيَ
الْبَيِّنٰتُ مِنْ رَّبِّيْ وَاُمِرْتُ اَنْ
اُسْلِمَ لِرَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٦٦﴾

b. 862, 1716
c. 1356A

67 Panjenengané iku kang anitahaké sira saka lebu,[b] tumuli saka ing wijining urip,[c] tumuli saka ing getih anjendhel, tumuli Panjenengané anglairaké sira dadi babayi, tumuli supaya sira tumeka diwasanira, tumuli supaya sira padha dadi tuwa – lan sawenèhira ana kang kapundhut sadurungé iku – sarta supaya sira tumeka ing wayah kang wis tinamtu, tuwin supaya sira padha mangertia.

هُوَ الَّذِيْ خَلَقَكُمْ مِّنْ تُرَابٍ ثُمَّ
مِنْ نُّطْفَةٍ ثُمَّ مِنْ عَلَقَةٍ ثُمَّ
يُخْرِجُكُمْ طِفْلًا ثُمَّ لِتَبْلُغُوْٓا اَشُدَّكُمْ
ثُمَّ لِتَكُوْنُوْا شُيُوْخًاۚ وَمِنْكُمْ مَّنْ
يُّتَوَفّٰى مِنْ قَبْلُ وَلِتَبْلُغُوْٓا اَجَلًا
مُّسَمًّى وَّلَعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ﴿٦٧﴾

68 Panjenengané iku Kang-aparing urip lan aparing pati; mulané samangsa Panjenengané amutus

هُوَ الَّذِيْ يُحْيٖ وَيُمِيْتُۚ فَاِذَا قَضٰٓى

sawijining prakara, iki Panjenengané banjur mung ngandika baé: Anaa, banjur ana.

أَمْرًا فَإِنَّمَا يَقُولُ لَهُ كُن فَيَكُونُ ﴿٦٨﴾

RUKU' 8

Wusananing Panglawan

69-71. Kawontenanipun ingkang sami angemohi. 72-76. Anggènipun tanpa daya. 77. Kasunyatanipun janjining Pangéran. 78. Milawani dhateng utusan punika salaminipun masthi tanpa dados.

69 Apa sira ora andeleng marang para kang padha madoni timbalan-timbalaning Allah: kapriyé anggoné padha maléngos?

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِينَ يُجَادِلُونَ فِي آيَاتِ اللَّهِ أَنَّىٰ يُصْرَفُونَ ﴿٦٩﴾

70 Para kang padha anggorohaké ing Kitab sarta apa kang diampil para utusan-Ingsun; ananging dhèwèké énggal bakal padha weruh.

الَّذِينَ كَذَّبُوا بِالْكِتَابِ وَبِمَا أَرْسَلْنَا بِهِ رُسُلَنَا ۖ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ﴿٧٠﴾

71 Samangsané balenggu lan ranté ana ing guluné; dhèwèké bakal padha dilarak.[2196]

إِذِ الْأَغْلَالُ فِي أَعْنَاقِهِمْ وَالسَّلَاسِلُ يُسْحَبُونَ ﴿٧١﴾

72 Nyemplung ing wédang umob; tumuli diobong ing geni;

فِي الْحَمِيمِ ثُمَّ فِي النَّارِ يُسْجَرُونَ ﴿٧٢﴾

73 Tumuli dhèwèké bakal dipangandikani: Endi barang kang adaté sira sakuthokaké,

ثُمَّ قِيلَ لَهُمْ أَيْنَ مَا كُنتُمْ تُشْرِكُونَ ﴿٧٣﴾

74 Saliyané Allah? Bakal padha matur: Sami ngésahi kawula; *ananging* adatipun kala rumiyin kula boten anguwuh dhateng punapa-punapa. Kaya mangkono anggoné Allah ambingungaké para kafir.

Ut. *balik*

مِن دُونِ اللَّهِ ۖ قَالُوا ضَلُّوا عَنَّا بَل لَّمْ نَكُن نَّدْعُو مِن قَبْلُ شَيْئًا ۚ كَذَٰلِكَ يُضِلُّ اللَّهُ الْكَافِرِينَ ﴿٧٤﴾

75 Iku amarga saka anggonira abungah-bungah ana ing bumi kalawan dudu beneré, lan amarga saka anggonira kumalungkung.

ذَٰلِكُم بِمَا كُنتُمْ تَفْرَحُونَ فِي الْأَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ وَبِمَا كُنتُمْ تَمْرَحُونَ ﴿٧٥﴾

2196. Sabibaripun prang Badr tiyang Quraisy sagolongan katawan sarwi kinalungan ranté githokipun, sagolongan malih, ingkang tiwas wonten ing papan paprangan, dipun glandhang dhateng lawang kuburanipun, kapurih ngraosaken pidananing pandamelipun ingkang awon wonten ing gesang sasampuning pejah.

76 Padha malebua ing lawang-lawangé naraka, padha manggon ing kono; lah ala padunungané para wong gumedhé iku.

ادْخُلُوا أَبْوَابَ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ فِيهَا ۖ
فَبِئْسَ مَثْوَى الْمُتَكَبِّرِينَ ﴿٧٦﴾

77 Mulané disabar; sayekti janjining Allah iku nyata, Embuh sira Ingsun weruhaké sawenèhé kang Ingsun ancamaké dhèwèké, embuh Ingsun agawé patinira, dhèwèké bakal padha dibalèkaké marang Ingsun.[2197]

فَاصْبِرْ إِنَّ وَعْدَ اللَّهِ حَقٌّ ۚ فَإِمَّا
نُرِيَنَّكَ بَعْضَ الَّذِي نَعِدُهُمْ أَوْ
نَتَوَفَّيَنَّكَ فَإِلَيْنَا يُرْجَعُونَ ﴿٧٧﴾

78 Lan sayekti Ingsun wus angutus para utusan ing sadurungira; sawenèhé ana kang Ingsun caritakaké marang sira, sarta sawenèhé ana kang ora Ingsun caritakaké marang sira; lan ora mungguh tumraping utusan yèn anekakna sawijining pratandha, kajaba kalawan idining Allah; ananging samangsa paréntahing Allah wus tumeka, pancasan ditibakaké kalawan bener, sarta kapitunan para kang padha anggorohaké (iki).

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا رُسُلًا مِّن قَبْلِكَ
مِنْهُم مَّن قَصَصْنَا عَلَيْكَ وَمِنْهُم
مَّن لَّمْ نَقْصُصْ عَلَيْكَ ۗ وَمَا كَانَ
لِرَسُولٍ أَن يَأْتِيَ بِآيَةٍ إِلَّا بِإِذْنِ
اللَّهِ ۚ فَإِذَا جَاءَ أَمْرُ اللَّهِ قُضِيَ بِالْحَقِّ
وَخَسِرَ هُنَالِكَ الْمُبْطِلُونَ ﴿٧٨﴾

RUKU' 9

Wusananing Panglawan

79-80. Nugrahaning Pangéran. 81-84. Piwulang ing salebeting pandumipun para umat kala rumiyin. 85. Pidana punika manawi sampun dhateng boten kénging katulak.

Ut. *makolèhi*

79 Allah iku kang agawé rajakaya *tumrap* marang sira, kang sawenèh supaya padha sira tunggangi, lan sawenèhé supaya sira pangan.

اللَّهُ الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ الْأَنْعَامَ لِتَرْكَبُوا
مِنْهَا وَمِنْهَا تَأْكُلُونَ ﴿٧٩﴾

Ar. *ing dhuwuré*
Ar. *ing dhuwuré*
Ar. *dhuwuring*

80 Lan ing kono akèh paédahé tumrap marang sira, sarta supaya sira bisa anekani butuh kang ana sajroning dhadhanira[2197A] *asarana* iku, sarta sira padha diemot *déning* iku sarta ing *sajroning* prau.

وَلَكُمْ فِيهَا مَنَافِعُ وَلِتَبْلُغُوا عَلَيْهَا
حَاجَةً فِي صُدُورِكُمْ وَعَلَيْهَا وَ
عَلَى الْفُلْكِ تُحْمَلُونَ ﴿٨٠﴾

2197. Pratélan punika namung kanggé anggenahaken, bilih piyambakipun mesthi badhé nandhang
2197A.*Mirsanana kaca candhakipun.*

81 Lan Panjenengané anuduhaké sira tandha-tandha-Né; lah endi tandha-tandhaning Allah kang sira sélaki?

وَيُرِيكُمْ اٰيٰتِهٖ ۖ فَاَيَّ اٰيٰتِ اللّٰهِ تُنْكِرُوْنَ ﴿٨١﴾

82 Lah apa ta dhèwèké iku ora padha lalaku ing bumi banjur padha andeleng kapriyé wusanané para wong sadurungé dhèwèké? Iki luwih akèh (cacahé) tinimbang dhèwèké apa déné luwih gedhé kakuwatané lan bèbètèngé ana ing bumi, ananging apa kang wus pinakolèh ora migunani marang dhèwèké.

اَفَلَمْ يَسِيْرُوْا فِى الْاَرْضِ فَيَنْظُرُوْا
كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِيْنَ مِنْ
قَبْلِهِمْ ۗ كَانُوْٓا اَكْثَرَ مِنْهُمْ وَاَشَدَّ
قُوَّةً وَّاٰثَارًا فِى الْاَرْضِ فَمَآ اَغْنٰى
عَنْهُمْ مَّا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ﴿٨٢﴾

83 Bareng para utusané padha anekani dhèwèké kalawan bukti-bukti kang terang, dhèwèké padha wis bungah marang kawruh kang ana ing awaké, lan apa kang adaté dianggo angguguyu, iku anglimputi awaké.

فَلَمَّا جَآءَتْهُمْ رُسُلُهُمْ بِالْبَيِّنٰتِ
فَرِحُوْا بِمَا عِنْدَهُمْ مِّنَ الْعِلْمِ وَ
حَاقَ بِهِمْ مَّا كَانُوْا بِهٖ يَسْتَهْزِءُوْنَ ﴿٨٣﴾

84 Ananging bareng padha andeleng pidana-Ningsun, padha calathu: Kula sami angèstu ing Allah piyambak sarta angafiri punapa ingkang adatipun kula anggé nyakuthoni Panjenenganipun.

فَلَمَّا رَاَوْا بَأْسَنَا قَالُوْٓا اٰمَنَّا بِاللّٰهِ
وَحْدَهٗ وَكَفَرْنَا بِمَا كُنَّا بِهٖ مُشْرِكِيْنَ ﴿٨٤﴾

85 Ananging imané ora bakal migunani marang awaké bareng dhèwèké wis padha andeleng pidana-Ningsun; (iki) angger-anggering Allah, kang tumindak tumrap para kawula-Né sarta ing kono para kafir padha kapitunan.

فَلَمْ يَكُ يَنْفَعُهُمْ اِيْمَانُهُمْ لَمَّا رَاَوْا
بَأْسَنَا ۗ سُنَّتَ اللّٰهِ الَّتِيْ قَدْ خَلَتْ
فِيْ عِبَادِهٖ ۚ وَخَسِرَ هُنَالِكَ الْكٰفِرُوْنَ ﴿٨٥﴾

---

wohipun ingkang awon pandamelipun, sami ugi punapa ing salebetipun Kanjeng Nabi taksih sugeng, dados taksih saged mirsani siksanipun para titiyang wau, punapa sasampunipun séda Kanjeng Nabi.

2197A. Terangipun, kabèh mau migunani banget marang sira kanggo tutungganganira tuwin kanggo momot barang-barangira saka papan sawiji marang sawijiné.

(٤١) سُوْرَةُ حٰمٓ السَّجْدَة مَكِّيَّةٌ

ايَاتُهَا ٥٤ — رُكُوْعَاتُهَا ٦

SURAT 41

HÂ MÎM

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*6 ruku’, 54 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’ 1. Pangajak dhateng Kasunyatan.
Ruku’ 2. Pèpènget.
Ruku’ 3. Pasaksinipun manusa lumawan awakipun piyambak.
Ruku’ 4. Para angèstu dipun santosakaken.
Ruku’ 5. Dayaning wahyuning Pangéran.
Ruku’ 6. Sumebaripun kasunyatan saking sakedhik.

Katerangan gerban

Surat punika dipun namakaken mirid aksara pangringkesing tetembungan ingkang kasebut wonten ing ngriki, namung tembung *fushshilat*, ingkang jawinipun *digawé terang*, punika dipun wewahaken ing nama punika, kanggé ambédakaken surat punika kaliyan surat sanès-sanèsipun ingkang nunggil golongan. Punika surat ingkang kaping kalih tumrap golongan *Hâ mîm*. Prakawis babipun ingkang karembag, titimangsaning tumurunipun, tuwin sambetipun kaliyan surat ingkang sampun, sampun kacakup wonten ing katerangan ingkang mangka purwakaning surat ingkang sampun. Ruku’ ingkang kaping sapisan isi pangajak nampeni yakti; ingkang kaping kalih paring pèpènget manawi puguh angemohi; ingkang kaping tiga nyebutaken pasaksining anggotanipun manusa piyambak lumawan angemohi yakti; ingkang kaping sakawan nerangaken bilih para angèstu sami dipun santosakaken kalayan ilham; ingkang kaping gangsal nerangaken dayaning wahyunipun Pangéran, ingkang kawasa anggesangaken para ingkang sami pejah menggah ing budipakertinipun tuwin menggah ing ruhaninipun punapa déné kawasa nyasaraken sasakitipun ruhani manusa. Nanging manawi pèpènget lan bukti-bukti punika sadaya boten dipun gapé, siksa boten kénging dipun singkiri malih, tandhanipun saged dipun seksèni wonten ing sumebaripun yakti, sanajan ta sumebaripun punika kalayan sarenti.

RUKU’ 1

Pangajak dhateng Kasunyatan

1-4. Wewedhar kanggé martosaken bibingah sarta kanggé pèpènget. 5. Angemohi. 6-8. Para anggèstu sarta para kafir.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah Ingkang Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Allah Ingkang-Ingalembana,
a. 2171 Ingkang-Minulya.[a]

حٰمٓ ۝١

2 Wewedhar saka Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih:

تَنْزِيْلٌ مِّنَ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝٢

3 Kitab, kang ayat-ayaté digawé terang, Qur'an basa Arab tumrap kaum kang weruh:

كِتٰبٌ فُصِّلَتْ اٰيٰتُهٗ قُرْاٰنًا عَرَبِيًّا
لِّقَوْمٍ يَّعْلَمُوْنَ ۝٣

4 Juru-amartani bubungah sarta juru-pépéling, ananging dhèwèké sing akèh padha maléngos, mulané padha ora ngrungu.

بَشِيْرًا وَّنَذِيْرًا ۚ فَاَعْرَضَ اَكْثَرُهُمْ
فَهُمْ لَا يَسْمَعُوْنَ ۝٤

Ut. *ketutupan*
Ar. *saka*
Ar. *mitrané kowé*

5 Lan padha calathu: Atiku iki *kaling-kalingan karo* apa kang koajakaké marang aku, lan ing kupingku ana tindhihé sarta ing antarané aku lan *kowé* ana aling-alingé,[2198] mulané tumandanga ing gawé, aku iki iya wong kang padha tumandang ing gawé.

وَقَالُوْا قُلُوْبُنَا فِيْٓ اَكِنَّةٍ مِّمَّا تَدْعُوْنَآ
اِلَيْهِ وَفِيْٓ اٰذَانِنَا وَقْرٌ وَّمِنْۢ بَيْنِنَا
وَبَيْنِكَ حِجَابٌ فَاعْمَلْ اِنَّنَا عٰمِلُوْنَ ۝٥

6 Calathua: Aku iki mung manusa sapadhamu; wus winedharaké marang aku, yèn sesembahanmu iku sesembahan kang Sawiji, mulané nuruta dalan kang bener marang Panjenenganè sarta nyuwuna Pangapura-Né; lan cilaka tumrap para manembah-Pangéran-akèh,

قُلْ اِنَّمَآ اَنَا۠ بَشَرٌ مِّثْلُكُمْ يُوْحٰٓى اِلَيَّ
اَنَّمَآ اِلٰهُكُمْ اِلٰهٌ وَّاحِدٌ فَاسْتَقِيْمُوْٓا
اِلَيْهِ وَاسْتَغْفِرُوْهُ ۗ وَوَيْلٌ لِّلْمُشْرِكِيْنَ ۝٦

7 Para kang ora padha amèwèhaké zakat sarta para kafir marang ing akhirat.

الَّذِيْنَ لَا يُؤْتُوْنَ الزَّكٰوةَ وَهُمْ
بِالْاٰخِرَةِ هُمْ كٰفِرُوْنَ ۝٧

8 Wondéné para kang padha angèstu sarta alaku becik, iku sayekti olèh ganjaran kang tanpa pedhot.

اِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ
لَهُمْ اَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُوْنٍ ۝٨

RUKU' 2

Pèpènget

9-12. Angafiri Ingkang-Anitahaken. 13. Pèpènget kados ingkang dhateng 'Ad lan Tsamud. 14-18. Bangsa ingkang kados makaten punika dipun punapakaken.

2198. Dipun pèngetana bilih tutuping manah, sumpeling kuping, tuwin aling-aling punika namung kanggé anedahaken puguhipun para titiyang wau anggènipun sami angemohi yakti. Para titiyang wau sami ambeguguk niyat boten badhé ambikak manahipun, mindhak kalebetan ing yakti, tuwin nemaha nutupi talinganipun (boten purun mirengaken), murih boten mireng ing piwulangipun Kanjeng Nabi

9 Calathua: Apa ta iya temen kowé iku padha angafiri Ingkang Anitahaké bumi ing dalem rong mangsa sarta apa kowé padha agawé sisihan tumrap Panjenengané? Iku Pangéraning ngalam kabèh.

قُلْ أَئِنَّكُمْ لَتَكْفُرُونَ بِالَّذِي خَلَقَ
الْأَرْضَ فِي يَوْمَيْنِ وَتَجْعَلُونَ لَهُ
أَنْدَادًا ۚ ذَٰلِكَ رَبُّ الْعَالَمِينَ ۝٩

10 Lan ing kono Panjenengané wus agawé gunung ana ing sadhuwuré, sarta ambarkahi ing kono, apa déné wus agawé *pangané* ing kono ing dalem patang mangsa:[2199] padha karo kang tumrap sing padha ngupaya.[2200]

Ar. *pikuwaté*

وَجَعَلَ فِيهَا رَوَاسِيَ مِنْ فَوْقِهَا
وَبَارَكَ فِيهَا وَقَدَّرَ فِيهَا أَقْوَاتَهَا
فِي أَرْبَعَةِ أَيَّامٍ سَوَاءً لِلسَّائِلِينَ ۝١٠

11 Tumuli Panjenengané sumengka marang langit, lan iki uwab; banjur Panjenengané angandika marang iku sarta marang bumi: Tekaa sakaroné, kalawan pambangun turut utawa kalawan peksan. Sakaroné padha munjuk: Kawula kakalih dhateng kalayan pambangun-turut.[2201]

ثُمَّ اسْتَوَىٰ إِلَى السَّمَاءِ وَهِيَ دُخَانٌ
فَقَالَ لَهَا وَلِلْأَرْضِ ائْتِيَا طَوْعًا أَوْ
كَرْهًا قَالَتَا أَتَيْنَا طَائِعِينَ ۝١١

Wiwit sakawit mila kados makaten punika sikepipun para titiyang wau dhateng yakti, milanipun nama sampun satrepipun manawi kaecap manah tuwin talinganipun. Dados menggah ing sajatos-jatosipun, kawusanan makaten wau dipun sababaken pandamelipun piyambak.

2199. Para mufassirin ingkang kathah-kathah sami gadhah panganggep, bilih sakawan mangsa ing ngriki punika kalebet ugi kalih mangsa ingkang sapisan wau, dados gunggung sadaya (kalebet ugi kalih mangsa ing ayat 12) wonten nem mangsa, murih cocogipun kaliyan pratélan ingkang katerangaken marambah-rambah wonten ing panggènan sanès ing Quran, ingkang suraosipun bilih tumitahing langit-langit lan bumi punika wonten ing salebetipun nem mangsa. Nanging panyuraos kula dhateng dhawuh-dhawuh punika boten kados makaten wau. Para mufassirin ing kina inggih sampun sami nafsiri, bilih nitahaken ing salebetipun wekdal *nem mangsa* utawi *nem dinten*, punika inggih boten kok walaka samanten wekdalipun nitahaken langit-langit lan bumi wau. Jalaran, sapisan, dina punika wekdal ingkang tartamtu, ingkang dangunipun sésa-sésa manut kawontenanipun ingkang tartamtu bumi lan surya; inggih barang-barang punika ingkang kasebutaken katitahaken ing salebetipun samanten dinten wau. Kaping kalihipun, jalaran "wekdal" punika piyambak, inggih bangsaning titah (JB). Menggah ing sajatos-jatosipun, nem mangsa, utawi kalih mangsa punapa sakawan mangsa ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki, punika ingkang dipun karsakaken tataran-tataraning tumitahipun barang-barang wau. Dados awit saking punika, langit-langit lan bumi katitahaken salebetipun nem mangsa, punika ateges tataran ingkang dipun langkungi langit-langit lan bumi wau nem tataran. Ingkang kapangandikakaken ing ngriki, nem tataran tumrapipun bumi; déné kalih mangsa ing ayat 12, punika sanès malih.

2200. Suraosipun dhawuh punika, tedha ingkang katitahaken wonten ing bumi, punika tumrap sintena kémawon ingkang ngupados, saged pikantuk.

2201. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika angger-anggering Pangéran ingkang makardi wonten ing saindhenging bawana; sagung dumadi teluk dhateng angger-angger.

12 Tumuli iku Ditamtokaké dadi langit pitu ing dalem rong mangsa sarta Panjenengané medharaké prakarané ing siji-sijining langit; sarta Ingsun angrengga langit kang endhèk kalawan lintang-lintang kang gumebyar tuwin (iku Ingsun
a. 2101 dhawuhi) anjaga;[a] iki pepesthèné Ingkang-kinawasa, Ingkang-ngudanèni.

فَقَضٰىهُنَّ سَبْعَ سَمٰوٰتٍ فِيْ يَوْمَيْنِ وَاَوْحٰى فِيْ كُلِّ سَمَآءٍ اَمْرَهَا ۗ وَزَيَّنَّا السَّمَآءَ الدُّنْيَا بِمَصَابِيْحَ ۖ وَحِفْظًا ۗ ذٰلِكَ تَقْدِيْرُ الْعَزِيْزِ الْعَلِيْمِ ﴿١٢﴾

13 Ananging manawa dhèwèké padha maléngos, banjur calathua: Aku apépéling marang kowé siksa padhané siksané ‘Ad lan Tsamud.[2202]

فَاِنْ اَعْرَضُوْا فَقُلْ اَنْذَرْتُكُمْ صٰعِقَةً مِّثْلَ صٰعِقَةِ عَادٍ وَّثَمُوْدَ ﴿١٣﴾

14 Nalika para utusan anekani dhèwèké saka sangarepé lan saka saburiné,[2203] kalawan acalathu: Aja padha angabdi (sapa-sapa) kajaba Allah, padha acalathu: Manawa Pangéranku angarsakaké, amasthi Panjenengané anurunaké para malaikat, lah sayekti aku iki wong kang angafiri marang barang gawanmu kautus.

اِذْ جَآءَتْهُمُ الرُّسُلُ مِنْۢ بَيْنِ اَيْدِيْهِمْ وَمِنْ خَلْفِهِمْ اَلَّا تَعْبُدُوْٓا اِلَّا اللّٰهَ ۗ قَالُوْا لَوْ شَآءَ رَبُّنَا لَاَنْزَلَ مَلٰٓئِكَةً فَاِنَّا بِمَآ اُرْسِلْتُمْ بِهٖ كٰفِرُوْنَ ﴿١٤﴾

15 Wondéné ‘Ad iku padha gumedhé ing bumi kalawan ora bener sarta padha acalathu: Sapa sing luwih teguh tinimbang aku

فَاَمَّا عَادٌ فَاسْتَكْبَرُوْا فِى الْاَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ وَقَالُوْا مَنْ اَشَدُّ مِنَّا

2202. Tigawelas ayat ingkang wiwitan ing surat punika kawaos Kanjeng Nabi Suci nalika ‘Utbah bin Rabi’ah sowan ing panjenenganipun wigatos andhatengaken welinganipun titiyang Quraisy. Suraosing welingan, Kanjeng Nabi kasuwun ngèndeli anggènipun ngawon-awon sesembahanipun tuwin anggènipun nglepataken tindakipun; manawi Kanjeng Nabi karsa minangkani punika, titiyang Quraisy sagah badhé anjumenengaken Kanjeng Nabi dados sesepuhipun bangsa Quraisy, utawi nyaosi panjenenganipun tiyang èstri ingkang sakalangkung éndahing warni supados kagarwa, utawi ngempalaken raja-brana kagem panjenenganipun.

Nalika ‘Utbah sampun ngaturaken welinganipun titiyang Quraisy wau, Kanjeng Nabi lajeng maos ayat-ayat punika. Nanging sareng pamaosipun Kanjeng Nabi dumugi ayat 13, ingkang suraosipun memèngeti titiyang Makkah bab nasib ingkang kasandhang titiyang ‘Ad tuwin titiyang Tsamud, ‘Utbah lajeng nyuwun kalayan sanget dhateng Kanjeng Nabi supados boten nerusaken anggènipun ngandikan; ‘Utbah lajeng wangsul pinanggih titiyang Quraisy andhatengaken jawabanipun Kanjeng Nabi (Rz).

2203. Nabi-nabi rawuh saking ngajengipun lan saking wingkingipun, punika ateges anggènipun para andika nabi wau tansah anggelar-gelaraken kayektèning kautusipun dhateng umatipun sarana

kakuwatané? Apa ta dhèwèké padha ora andeleng, yèn Allah, Kang anitahaké dhèwèké iku luwih teguh tinimbang dhèwèké kakuwatané, sarta dhèwèké padha angemohi marang timbalan-timbalan-Ingsun?

قُوَّةً أَوَلَمْ يَرَوْا أَنَّ اللّٰهَ الَّذِيْ
خَلَقَهُمْ هُوَ أَشَدُّ مِنْهُمْ قُوَّةً وَ
كَانُوْا بِاٰيٰتِنَا يَجْحَدُوْنَ ﴿١٥﴾

16 Mulané Ingsun angutus angin riwud anempuh dhèwèké ing dalem sawatara dina kang nyilakani, purih Ingsun dhèwèké angicipana siksa kang ngasoraké ing dalem kauripan donya iki, lan sayekti siksaning akhirat iku luwih angasoraké, sarta dhèwèké ora bakal padha tinulungan.[2204]

فَأَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ رِيْحًا صَرْصَرًا فِيْ
أَيَّامٍ نَّحِسَاتٍ لِّنُذِيْقَهُمْ عَذَابَ
الْخِزْيِ فِي الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا وَلَعَذَابُ
الْاٰخِرَةِ أَخْزٰى وَهُمْ لَا يُنْصَرُوْنَ ﴿١٦﴾

17 Wondéné Tsamud, iku padha Ingsun paringi tuntunan, ananging padha demen mamak tinimbang tuntunan,[2205] mulané pidana siksa kang angasoraké anibani dhèwèké, amarga saka barang kang wus padha dilakoni,

وَأَمَّا ثَمُوْدُ فَهَدَيْنٰهُمْ فَاسْتَحَبُّوا
الْعَمٰى عَلَى الْهُدٰى فَأَخَذَتْهُمْ صٰعِقَةُ
الْعَذَابِ الْهُوْنِ بِمَا كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ﴿١٧﴾

18 Lan Ingsun anylametaké para kang padha angèstu sarta padha anjaga dhiriné (saka ing ala)

وَنَجَّيْنَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَكَانُوْا يَتَّقُوْنَ ﴿١٨﴾

RUKU' 3

Pasaksinipun Manusa lumawan awakipun piyambak

19-23. Pasaksinipun talingan kaliyan mripat. 24, 25. Tindak amurih angènthèngaken kalepatan.

19 Lan ing dinané para satruning Allah padha diimpun marang geni, dhèwèké banjur bakal dipanthapantha.

وَيَوْمَ يُحْشَرُ أَعْدَاءُ اللّٰهِ إِلَى النَّارِ
فَهُمْ يُوْزَعُوْنَ ﴿١٩﴾

margi punapa kémawon ingkang sakinten mikantuki. Sawenèh mufassir nyuraos: rawuhipun para nabi saking sacelakipun tuwin saking panggènan ingkang tebih-tebih (JB).

2204. Titiyang Quraisy dipun pèpèngeti kalayan dhawuh punika, siksa asor ing gesang sapunika, tuwin siksa ingkang langkung asor malih ing akhirat. *Dina kang nyilakani* punika tegesipun mangsa asat.

2205. '*Ami* (*wuta*), punika sacara ngibarat kénging dipun anggé tumrap manah, tegesipun *sasar*. Gathukipun teges kakalih punika: *boten sumerep margi ingkang leres* utawi *boten nganggé margi ingkang leres* (Msb), utawi *wuta* manahipun (LL).

حَتّٰٓى اِذَا مَا جَآءُوۡهَا شَهِدَ عَلَيۡهِمۡ
سَمۡعُهُمۡ وَاَبۡصَارُهُمۡ وَجُلُوۡدُهُمۡ بِمَا
كَانُوۡا يَعۡمَلُوۡنَ ﴿٢٠﴾

20 Nganti, satekané ing kono, pangrunguné lan pandhelengé sarta kulité padha aneksèni marang dhèwèké tumrap apa kang wus padha dilakoni.[2206]

وَقَالُوۡا لِجُلُوۡدِهِمۡ لِمَ شَهِدۡتُّمۡ عَلَيۡنَا ؕ
قَالُوۡۤا اَنۡطَقَنَا اللّٰهُ الَّذِىۡۤ اَنۡطَقَ كُلَّ
شَىۡءٍ وَّهُوَ خَلَقَكُمۡ اَوَّلَ مَرَّةٍ وَّ
اِلَيۡهِ تُرۡجَعُوۡنَ ﴿٢١﴾

21 Lan bakal padha calathu marang kulité: Yagéné kowé aneksèni tumrap marang aku? Padha mangsuli: Allah kang andadèkaké samubarang calathu, iku andadèkaké aku padha calathu, lan Panjenengané iku kang anitahaké kowé sakawit, sarta marang Panjenengané anggoné kowé bakal padha dibalèkaké.

وَمَا كُنۡتُمۡ تَسۡتَتِرُوۡنَ اَنۡ يَّشۡهَدَ
عَلَيۡكُمۡ سَمۡعُكُمۡ وَلَاۤ اَبۡصَارُكُمۡ وَلَا
جُلُوۡدُكُمۡ وَلٰـكِنۡ ظَنَنۡتُمۡ اَنَّ اللّٰهَ لَا
يَعۡلَمُ كَثِيۡرًا مِّمَّا تَعۡمَلُوۡنَ ﴿٢٢﴾

22 Lan kowé iku ora anutupi awakmu dhéwé amurih pangrungumu aja aneksèni ing kowé, mangkono uga pandelengmu lan kulitmu, ananging kowé aja padha nyana, yèn Allah iku, apa kang padha kolakoni, sing akèh ora Ngudanèni.

وَذٰلِكُمۡ ظَنُّكُمُ الَّذِىۡ ظَنَنۡتُمۡ بِرَبِّكُمۡ
اَرۡدٰٮكُمۡ فَاَصۡبَحۡتُمۡ مِّنَ الۡخٰسِرِيۡنَ ﴿٢٣﴾

23 Lan panyanamu (ala), kang koanggo nyana ing Pangéranmu, iku, kang anibakaké awakmu ing karusakan; mulané kowé dadi panunggalané para wong kang kapitunan.

فَاِنۡ يَّصۡبِرُوۡا فَالنَّارُ مَثۡوًى لَّهُمۡ ۚ
وَاِنۡ يَّسۡتَعۡتِبُوۡا فَمَا هُمۡ مِّنَ الۡمُعۡتَبِيۡنَ ﴿٢٤﴾

24 Lah manawa dhèwèké padha betah, pancén geni iku padunungané, sarta manawa padha nyuwun parimarma, lah dhèwèké iku dudu panunggalané para kang padha kaparingan parimarma.

2206. Talingan, mripat tuwin kulit sami aneksèni, punika nedahaken kayektèning angger-angger, ingkang mlanggeri bilih wohing pandamel awon, punika mesthi badhé cumetha wonten ing anggota ingkang kanggé nindakaken pandamel awon wau ugi. Ing alam wadhag kita inggih sami anyipati, pundi anggotaning badan ingkang tumindhak anulayani kudrat, mesthi badhé nandhang wohipun ingkang awon. Lah makaten ugi ing alam ruhani.

25 Lan Ingsun wus anamtokaké kanthi tumrap dhèwèké,[2207] iki banjur amaès-maèsi tumrap dhèwèké apa kang ana ing ngarepé lan apa kang ana ing buriné, sarta sabda iku nyata anibani dhèwèké antarané para umat jin lan manungsa kang wus kaliwat sadurungé dhèwèké – sayekti dhèwèké iku bakal dadi wong kang padha kapitunan.

وَقَيَّضْنَا لَهُمْ قُرَنَآءَ فَزَيَّنُوْا لَهُمْ مَّا
بَيْنَ اَيْدِيْهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَحَقَّ
عَلَيْهِمُ الْقَوْلُ فِيْٓ اُمَمٍ قَدْ خَلَتْ
مِنْ قَبْلِهِمْ مِّنَ الْجِنِّ وَالْاِنْسِ ۚ
اِنَّهُمْ كَانُوْا خٰسِرِيْنَ ﴿٢٥﴾

RUKU' 4

Para angèstu dipun santosakaken

26-29. Pangrékadayanipun para kafir amepeti Qur'an. 30-32 Para angèstu dipun kiyataken déning malaikat.

26 Para kang padha kafir acalathu: Aja padha angrungokaké marang Quran iki sarta padha gègèr ana ing jeroné, mbokmanawa kowé padha bakal olèh kamenangan.

وَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَا تَسْمَعُوْا لِهٰذَا
الْقُرْاٰنِ وَالْغَوْا فِيْهِ لَعَلَّكُمْ تَغْلِبُوْنَ ﴿٢٦﴾

27 Mulané para kang padha kafir yekti bakal padha Ingsun icipaké siksa kang abot, sarta yekti padha Ingsun pituwasi panggawéné ala kang wus padha dilakoni.

فَلَنُذِيْقَنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا عَذَابًا شَدِيْدًا ۙ
وَّلَنَجْزِيَنَّهُمْ اَسْوَاَ الَّذِيْ كَانُوْا يَعْمَلُوْنَ ﴿٢٧﴾

28 Ya iki pituwasé para mungsuhing Allah – geni; ana ing kono bakal padha olèh omah padunungan kang suwé; pituwas anggoné padha angemohi ing timbalan-timbalan Ingsun.

ذٰلِكَ جَزَآءُ اَعْدَآءِ اللّٰهِ النَّارُ ۚ لَهُمْ
فِيْهَا دَارُ الْخُلْدِ ؕ جَزَآءًۢ بِمَا كَانُوْا
بِاٰيٰتِنَا يَجْحَدُوْنَ ﴿٢٨﴾

29 Lan para kang padha kafir bakal calathu: Pangéran kawula! mugi Tuwan anyerepaken kawula ing jin tuwin manusa ingkang nasaraken kawula, badhé sami kawula

وَقَالَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا رَبَّنَآ اَرِنَا الَّذَيْنِ
اَضَلّٰنَا مِنَ الْجِنِّ وَالْاِنْسِ نَجْعَلْهُمَا

2207. Mitra punika mitra tiyang duraka, inggih punika ingkang mamaési siksaning pandamelipun ingkang awon ing bénjing tumrap piyambakipun.

أَضَلَّانَا مِنَ الْجِنِّ وَالْإِنسِ نَجْعَلْهُمَا تَحْتَ أَقْدَامِنَا لِيَكُونَا مِنَ الْأَسْفَلِينَ ﴿٢٩﴾

damel idak-idakan ing sangandhaping dalamakan kawula, supados piyambakipun sami dados panunggilipun para ingkang sanget asor.

إِنَّ الَّذِينَ قَالُوا رَبُّنَا اللَّهُ ثُمَّ اسْتَقَامُوا تَتَنَزَّلُ عَلَيْهِمُ الْمَلَائِكَةُ أَلَّا تَخَافُوا وَلَا تَحْزَنُوا وَأَبْشِرُوا بِالْجَنَّةِ الَّتِي كُنتُمْ تُوعَدُونَ ﴿٣٠﴾

30 Wondéné para kang padha calathu: Pangéran kawula punika Allah, tumuli tetep angambah ing dalan kang bener, padha tumurun para malaikat marang dhèwèké, tembungé: Aja padha kuwatir sarta aja padha susah, tampanana kabar bubungah, yaiku taman kang wis dijanjèkaké marang kowé:

نَحْنُ أَوْلِيَاؤُكُمْ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا وَفِي الْآخِرَةِ ۚ وَلَكُمْ فِيهَا مَا تَشْتَهِي أَنفُسُكُمْ وَلَكُمْ فِيهَا مَا تَدَّعُونَ ﴿٣١﴾

31 Aku iki kang rumeksa kowé ing dalem kauripan donya sarta ing akhirat, lan ing kono kowé bakal olèh apa kapéngining jiwamu sarta ana ing kono kowé bakal olèh apa kang padha kok suwun:[2208]

نُزُلًا مِّنْ غَفُورٍ رَّحِيمٍ ﴿٣٢﴾

32 Pasugatan saka Ingkang-Aparamarta, Ingkang-Mahaasih.

RUKU' 5

Dayaning Wahyunipun Pangéran

33-36. Anulak awon asarana saé. 37-39. Wewedhar sabda punika ambekta papadhang sarta anggesangaken. 40-43. Panggorohan boten saged makaten 44. Jampi.

وَمَنْ أَحْسَنُ قَوْلًا مِّمَّن دَعَا إِلَى اللَّهِ وَعَمِلَ صَالِحًا وَقَالَ إِنَّنِي مِنَ الْمُسْلِمِينَ ﴿٣٣﴾

33 Lan sapa sing luwih becik ing pangucap tinimbang wong kang anguwuh marang Allah sarta dhèwèké iku anglakoni panggawé becik tuwin acalathu: Sayekti aku iki panunggalané wong kang padha sumarah?

2208. Ayat punika saha ayat ing sadèrèngipun, kalayan terang anedahaken bilih tumurunipun para malaikat dhateng para angèstu punika inggih nalika wonten ing gesang sapunika-punika, inggih punika perlu paring pawartos bibingah, murih para angèstu wau boten nandhang kuwatos. Klèntu manawi dipun suraos bilih tumurunipun malaikat wau bénjing ing akhirat. Panglipur ingkang kados makaten wau dipun betahaken sanget, punika wonten ing gesang sapunika punika, inggih punika ing kalanipun para angèstu kinaniaya tuwin siniya-siya, tuwin nalika panguwaos awon sajak katingal badhé menang kaliyan para angèstu. Dhawuh نحن اوليآء كم فى الدنيا والاخره. punika anedahaken kalayan

وَلَا تَسْتَوِي الْحَسَنَةُ وَلَا السَّيِّئَةُ ۚ ادْفَعْ بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ فَإِذَا الَّذِي بَيْنَكَ وَبَيْنَهُ عَدَاوَةٌ كَأَنَّهُ وَلِيٌّ حَمِيمٌ ﴿٣٤﴾

34 Lan ora padha becik iku *karo* ala. Tulaken (ala iku) kalawan kang luwih déning becik,[a] lah satemah, wong kang mungsuhan antarané sira karo *dhèwèké,* bakal dadi kaya mitra sinarawèdi.

Ar. *lan ora*

a. 1927

Ar. *antara-né dhèwèké*

وَمَا يُلَقَّاهَا إِلَّا الَّذِينَ صَبَرُوا وَمَا يُلَقَّاهَا إِلَّا ذُو حَظٍّ عَظِيمٍ ﴿٣٥﴾

35 Lan ora ana kang pinaringan iku kajaba para kang padha sabar sarta ora ana kang kaparingan iku kajaba kang duwé kabegjan gedhé.

وَإِمَّا يَنْزَغَنَّكَ مِنَ الشَّيْطَانِ نَزْغٌ فَاسْتَعِذْ بِاللَّهِ ۖ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ﴿٣٦﴾

36 Lan manawa sétan anggoné nyanyampuri bakal anjalari sira ala, lah nyuwuna anglindhung ing Allah;[2209] sayekti Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Angudanèni.

وَمِنْ آيَاتِهِ اللَّيْلُ وَالنَّهَارُ وَالشَّمْسُ وَالْقَمَرُ ۚ لَا تَسْجُدُوا لِلشَّمْسِ وَلَا لِلْقَمَرِ وَاسْجُدُوا لِلَّهِ الَّذِي خَلَقَهُنَّ إِنْ كُنْتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ ﴿٣٧﴾

37 Lan sawenèhing tandha-tandha-Né yaiku wengi lan raina, sarta srengéngé lan rembulan; aja sira padha (sumungkem) ing srengéngé lan aja (sumungkem) ing rembulan; lan padha sumungkema ing Allah, kang anitahaké iku kabèh, manawa marang Panjenengané anggonira padha ngabdi.

فَإِنِ اسْتَكْبَرُوا فَالَّذِينَ عِنْدَ رَبِّكَ يُسَبِّحُونَ لَهُ بِاللَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَهُمْ لَا يَسْأَمُونَ ۩ ﴿٣٨﴾

38 Ananging manawa dhèwèké padha gumedhé, lah para kang padha ana ngarsaning Pangéranira padha mahasucèkaké Panjenengané ing wengi lan raina sarta padha ora sayah.[a]

a. 978

terang bilih inggih nalika wonten ing donya ngriki punika anggènipun sami tampi panglipur makaten punika. Ing akhirat, ing gesang sasampuning pejah, malaikat nyriyosi para angèstu bilih sami dipun reksa saking mengsah-mengsahipun nalika wonten ing gesangipun ingkang sampun, punika nama tanpa teges.

2209. Ayat ingkang sampun, mulangaken: nulak awon kalayan saé. Ayat punika paring usada sanès malih kanggé ambirat awon. Miturut Rgh *nazg* punika دخول في الامر لا فساده jawinipun *nyampur* utawi *ngridu dhateng satunggaling prakawis kanthi seja badhé adamel wisuna*, sarta tembung wau dipun agem wonten ing 12: 100 kalayan mengku teges makaten punika. Ing ngriki Kanjeng Nabi dipun paringi dhawuh, manawi pakaryanipun dipun riridu ing tiyang ingkang nindakaken awon, Kanjeng Nabi ingandikakaken nyuwun pangayoman dhateng Gusti Allah; pitulunging Pangéran, ingkang tansah angrawuhi para titiyang tulus, mesthi badhé anyirnakaken pangridu wau tuwin badhé adamel menangipun yakti.

وَمِنْ اٰيٰتِهٖٓ اَنَّكَ تَرَى الْاَرْضَ خَاشِعَةً
فَاِذَآ اَنْزَلْنَا عَلَيْهَا الْمَآءَ اهْتَزَّتْ وَ
رَبَتْ ۗ اِنَّ الَّذِيْٓ اَحْيَاهَا لَمُحْيِ الْمَوْتٰى ۗ
اِنَّهٗ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٣٩﴾

39 Lan sawenèhing tandha-tandha-Né yaiku déné sira andeleng bumi iku meneng baé, ananging samangsa Ingsun anurunaké banyu ing kono, (banjur) obah sarta mbedhodhok;[2210] sayekti, Kang-anguripaké (bumi) iku Kang-anguripaké wong mati; sayekti Panjenengané iku marang samubarang kawasa.

اِنَّ الَّذِيْنَ يُلْحِدُوْنَ فِيْٓ اٰيٰتِنَا لَا
يَخْفَوْنَ عَلَيْنَا ۗ اَفَمَنْ يُّلْقٰى فِي النَّارِ
خَيْرٌ اَمْ مَّنْ يَّاْتِيْٓ اٰمِنًا يَّوْمَ الْقِيٰمَةِ ۗ
اِعْمَلُوْا مَا شِئْتُمْ ۙ اِنَّهٗ بِمَا تَعْمَلُوْنَ
بَصِيْرٌ ﴿٤٠﴾

40 Sayekti, para kang ing (bab) timbalan-timbalan-Ingsun padha malèncèng, iku ingatasé Ingsun ora sumingid. Lah apa ta wong dicemplungaké ing geni iku luwih becik, apa ta kang ing dina kiyamat teka kalawan *slamet*? Padha nglakonana apa sakarepira; sayekti Panjenengané iku marang apa kang padha sira lakoni Udani.

Ut. *tentrem*

اِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِالذِّكْرِ لَمَّا جَآءَهُمْ ۚ
وَاِنَّهٗ لَكِتٰبٌ عَزِيْزٌ ﴿٤١﴾

41 Sayekti para kang padha angafiri marang Pépéling nalikané iki anekani dhèwèké, lan sayekti, iku Kitab kang-kinawasa.

لَّا يَاْتِيْهِ الْبَاطِلُ مِنْۢ بَيْنِ يَدَيْهِ
وَلَا مِنْ خَلْفِهٖ ۗ تَنْزِيْلٌ مِّنْ حَكِيْمٍ حَمِيْدٍ ﴿٤٢﴾

42 Panggorohan ora bakal tumeka mrono, saka ngarepé *lan* saka ing buriné; Wewedhar saka Ingkang-Wicaksana, Ingkang-Ingalembana.

Ar. *lan ora*

مَا يُقَالُ لَكَ اِلَّا مَا قَدْ قِيْلَ لِلرُّسُلِ
مِنْ قَبْلِكَ ۗ اِنَّ رَبَّكَ لَذُوْ مَغْفِرَةٍ
وَّذُوْ عِقَابٍ اَلِيْمٍ ﴿٤٣﴾

43 Ora ana kang dipangandikakaké marang sira, kajaba apa kang temen wus dipangandikakaké marang para utusan ing sadurungira; sayekti Pangéranira iku temen Ingkang-kagungan pangapura sarta Ingkang-kagungan wawales kang nglarani.

2210. *Bumi meneng* tegesipun siti cengkar lan boten wonten thuthukulanipun; ébah, tegesipun gesang, déné ambedhodhok tegesipun nukulaken tataneman. Punika sadaya ngibarat. Wondéné maksudipun, samasa wahyuning Pangéran angrawuhi manusa, manah ingkang pejah dados gesang. Dhawuh sambetipun andhawuhaken migatosaken bab prakawis punika. Kasiyatipun jawah tumrapipun siti kanggé nyanépakaken kasiyatipun Quran tumrap manahipun manusa. Dados punika ateges dhawuh

وَلَوْ جَعَلْنٰهُ قُرْاٰنًا اَعْجَمِيًّا لَّقَالُوْا
لَوْلَا فُصِّلَتْ اٰيٰتُهٗ ؕ ءَاَعْجَمِيٌّ وَّعَرَبِيٌّ ؕ
قُلْ هُوَ لِلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا هُدًى وَّشِفَآءٌ ؕ
وَالَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ فِيْٓ اٰذَانِهِمْ
وَقْرٌ وَّهُوَ عَلَيْهِمْ عَمًى ؕ اُولٰٓئِكَ
يُنَادَوْنَ مِنْ مَّكَانٍۢ بَعِيْدٍ ﴿٤٤﴾

44 Lan saupama iku Ingsun dadèkna Qur'an basa manca amasthi dhèwèké bakal padha calathu: Yagéné timbalan-timbalané ora digawé cetha. Apa! basa manca karo basa Arab![2211] calathua: Iku tumrapé para kang padha angèstu pituduh lan tamba;[2212] lan (tumrapé) para kang padha ora angèstu ing kupingé padha ana *bandhulé* lan iku ingatasé dhèwèké pepeteng; iku bakal diuwuh saka panggonan kang adoh.

Ut. *tindhihé, botboté*

RUKU' 6

Sumebaring kasunyatan saking sakedhik

45-47. Pidana punika sampun tamtu. 48. Sesembahan palsu boten badhé tutulung. 49. Manawi kataman babaya, sami mutung, pepes pangajeng-ajengipun. 50. Maiben dhateng titining mangsa. 51. Panyuwun dhateng biratipun punika. 55-54. Kasunyatan saya angsal papan.

وَلَقَدْ اٰتَيْنَا مُوْسَى الْكِتٰبَ فَاخْتُلِفَ
فِيْهِ ؕ وَلَوْلَا كَلِمَةٌ سَبَقَتْ مِنْ
رَّبِّكَ لَقُضِيَ بَيْنَهُمْ ؕ وَاِنَّهُمْ لَفِيْ
شَكٍّ مِّنْهُ مُرِيْبٍ ﴿٤٥﴾

45 Lan sayekti, temen Ingsun wus amaringi Kitab Musa, ananging ing dalem prakara iku dhèwèké padha sulaya; lan saupama ajaa wis ana sabda saka Pangéranira, amasthi antarané dhèwèké wus dipancasi; lan sayekti dhèwèké iku temen dumunung ing dalem semang-semang tumrap prakara iku.

migatosaken pasaksèn ing kasunyatanipun Quran. Tembung wong mati ingkang wonten ing ukara "Kang-Nguripaké wong mati" punika tegesipun tiyang ingkang pejah ruhaniyahipun.

2211. Sajakipun ingkang dipun karsakaken ing ngriki, punika piweca-piweca ingkang mecakaken badhé rawuhipun satunggaling Nabi dharah Isma'il utawi bangsa Arab. Ayat candhakipun nyebutaken Kanjeng Nabi Musa, punika ngiyataken paham punika. Kanjeng Nabi Musa mangandikakaken kalayan cetha satunggaling nabi ingkang kados sariranipun piyambak ingkang rawuh saking antawisipm, sadhèrèkipun Israil, ingkang boten sanès kajawi inggih tiyang Isma'il.

2212. Ing ngriki Quran kasebut usada, awit Quran punika pancèn usada tumrap sasakit-sasakit ruhani ingkang mratah ing jagad. Quran sampun kacihna anggènipun dados *usada*, awit Quran sampun anggarap satunggaling bangsa ingkang ketaman ing mamalaning ruhani tuwin budipakarti ingkang sakalangkung anggigilani, suprandéné boten ngantos sapra sakawan abad dangunipun, saindhenging nagari lan sageblenging bangsa wau sampun saged kabirat saking sasakitipun wau. Kasiyatipun angusadani Quran wau, boten namung kawatesan wonten ing tanah Arab kémawon, nanging najan ing dinten sapunika punika ugi, sadaya umat ing salumahing bumi punika sami aneksèni katijasanipun Quran angusadani tur ingkang kalayan peng-pengan wau, ngantos para titiyang ingkang boten nganggé agami Islam pisan tumut kesrambahan saged ngalap piguna dhateng kasiyatipun usada Quran wau. Malah-malah, ing sawenèh prakawis, langkung katimbang titiyang Muslimin piyambak.

46 Sapa sing anglakoni kabecikan, lah iku makolèhi marang jiwané dhéwé, lan sapa sing anglakoni ala, lah iki mitunani marang *jiwané dhéwé*; lan ora pisan-pisan Pangéranira iku anganiaya marang para kawula.

Ar. *iku*

مَنْ عَمِلَ صَالِحًا فَلِنَفْسِهِ وَمَنْ أَسَاءَ فَعَلَيْهَا ۗ وَمَا رَبُّكَ بِظَلَّامٍ لِّلْعَبِيدِ ٤٦

JUZ XXV

47 Disumanggakaké marang Panjenengané kawruh titining mangsa iku. Lan ora ana wetuning woh saka ing slagané, sarta ora ana ngandhegé wong wadon, *tuwin* anggoné nglahiraké, kajaba kalawan *uningané* Panjenengané; lan ing dinané Panjenengané bakal *andangu* dhèwèké: Endi (kang padha koanggep) sakuthu-Ningsun? Bakal padha munjuk: Kawula sami apratéla ing Tuwan, kawula sami boten wonten ingkang dados saksi.[2213]

Ut. *anguwuh*

إِلَيْهِ يُرَدُّ عِلْمُ السَّاعَةِ ۚ وَمَا تَخْرُجُ مِن ثَمَرَاتٍ مِّنْ أَكْمَامِهَا وَمَا تَحْمِلُ مِنْ أُنثَىٰ وَلَا تَضَعُ إِلَّا بِعِلْمِهِ ۚ وَيَوْمَ يُنَادِيهِمْ أَيْنَ شُرَكَائِي قَالُوا آذَنَّاكَ مَا مِنَّا مِن شَهِيدٍ ٤٧

48 Lan apa kang padha diuwuh biyèn, bakal ilang saka ing *kono*, sarta dhèwèké bakal weruh temenan, yèn ora bisa dhèwèké padha oncat.

Ar. *dhèwèké*

وَضَلَّ عَنْهُم مَّا كَانُوا يَدْعُونَ مِن قَبْلُ ۖ وَظَنُّوا مَا لَهُم مِّن مَّحِيصٍ ٤٨

49 Ora bakal padha bosen manusa iku anyunyuwun kang becik, lan manawa *riribed* angenani awaké, banjur mutung, pepes pangarep-arepé.

لَّا يَسْأَمُ الْإِنسَانُ مِن دُعَاءِ الْخَيْرِ وَإِن مَّسَّهُ الشَّرُّ فَيَئُوسٌ قَنُوطٌ ٤٩

50 Lan manawa dhèwèké Ingsun icipaké nugraha saka Ingsun ing sawisé nandhang sangsara, masthi bakal padha calathu: Iki anuku (dhéwé),[2214] aku ora ngandel, yèn titining mangsa iku bakal kalakon,

وَلَئِنْ أَذَقْنَاهُ رَحْمَةً مِّنَّا مِن بَعْدِ ضَرَّاءَ مَسَّتْهُ لَيَقُولَنَّ هَٰذَا لِي وَمَا أَظُنُّ السَّاعَةَ قَائِمَةً وَلَئِن

2213. Punika ateges bilih samasa siksa punika andhawahi para titiyang wau, para titiyang wau sampun boten saged punapa-punapa malih.

2214. Dhawuh punika anedahaken boten sukuripun manusa tumrap nugrahanipun Pangéran. Piyambakipun boten purun ngrumaosi bilih paparing ingkang sampun katampi punika mijil saking

رُّجِعْتُ إِلَىٰ رَبِّيٓ إِنَّ لِي عِندَهُۥ لَلْحُسْنَىٰ ۚ
فَلَنُنَبِّئَنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ بِمَا عَمِلُوا۟
وَلَنُذِيقَنَّهُم مِّنْ عَذَابٍ غَلِيظٍ ﴿٥٠﴾

lan yèn aku dibalékaké marang Pangéranku, amasthi ana ing ngarsa-Né aku bakal éntuk kang becik temenan; ananging Ingsun yekti bakal anjalèntrèhaké marang para kang padha kafir tumrap apa kang wus padha dilakoni, lan yekti bakal padha Ingsun icipaké siksa kang abot.

وَإِذَآ أَنْعَمْنَا عَلَى ٱلْإِنسَٰنِ أَعْرَضَ
وَنَـَٔا بِجَانِبِهِۦ ۚ وَإِذَا مَسَّهُ ٱلشَّرُّ فَذُو
دُعَآءٍ عَرِيضٍ ﴿٥١﴾

51 Lan samangsa Ingsun aparing nugraha marang manusa, iki banjur maléngos sarta *sumangkéan*; lan samangsa kataman riribed, banjur olèhé nyunyuwun anggalur.

Ar. *angi-nger lam-bungé, anglungani*

قُلْ أَرَءَيْتُمْ إِن كَانَ مِنْ عِندِ
ٱللَّهِ ثُمَّ كَفَرْتُم بِهِۦ مَنْ أَضَلُّ مِمَّنْ
هُوَ فِي شِقَاقٍۭ بَعِيدٍ ﴿٥٢﴾

52 Calathua: Kapriyé panemumu, manawa iku saka ngarsaning Allah, banjur kowé angafiri iku, sapa sing luwih sasar tinimbang wong kang kaliwat-liwat anggoné milawani?

سَنُرِيهِمْ ءَايَٰتِنَا فِي ٱلْءَافَاقِ وَفِيٓ أَنفُسِهِمْ
حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَهُمْ أَنَّهُ ٱلْحَقُّ ۗ أَوَلَمْ
يَكْفِ بِرَبِّكَ أَنَّهُۥ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ ﴿٥٣﴾

53 Ingsun bakal tumuli meruhaké dhèwèké tandha-tandha-Ningsun ing *talatah kang adoh-adoh* sarta ing *kalangané kaumé* dhèwèké,[2215] nganti tétéla gamblang tumrap marang dhèwèké, yèn iku satuhu nyata. Apa ora wis cukup tumrap Pangéranira, déné Panjenengané iku marang samubarang aneksèni?

Ut. *bunta-san bumi*
Ut. *jiwané*

kadarmanipun Pangéran, wangsul malah sami wicanten "iki duwèkku," liripun: iki anggonku golèk-golèk dhéwé, tuwuh saka pambudi-dayaku dhéwé, dadi wis beneré aku olèh iki. Piyambakipun lajeng maiben ing wontenipun pancasan (dinten kiyamat).

2215. Para titiyang kathah saking tapel watesing tanah Arab tuwin saking antawisipun titiyang Makkah piyambak, sami ketarik dhateng Islam. Punika dados tandhayekti ingkang terang, bilih kasunyatan punika terus ngangseg majeng, sanajan ta dipun mengsahana di kados punapa, tuwin dados tandhayekti ingkang terang, bilih wonten asta ingkang boten kasatmata makardi biyantu ing Kanjeng Nabi Suci; awit upami botena kados makaten, yekti mengsah ingkang kiyat saha ingkang sarosa milawani Islam wau mesthi kelampahan sampun saged nyirnakaken babar pisan agami Islam. Punika dados tandhayekti tumrap para titiyang Makkah. Nanging tembung *âfâq*, ingkang tegesipun *wates* utawi *buntasing bumi*, utawi *tembinging bumi ingkang tebih piyambak*, punika anedahaken bilih suraosipun punika: Islam badhé mradini laladan ingkang tebih-tebih ing bumi punika, déné *anfusihim* ateges *bangsanipun piyambak*, inggih punika titiyang Arab. Punapa ingkang kasebutaken wonten ing dhawuh punika, makaten: Islam badhé tumunten sumebar, boten namung ing tanah Arab kémawon, nanging ugi

54 Lah sayekti dhèwèké iku dumunung ing semang-semang prakara bakal sapatemon karo Pangérané iku; lah sayekti Panjenengané iku marang samubarang anglimputi.	اَلَآ اِنَّهُمۡ فِىۡ مِرۡيَةٍ مِّنۡ لِّقَآءِ رَبِّهِمۡ ؕ اَلَآ اِنَّهٗ بِكُلِّ شَىۡءٍ مُّحِيۡطٌ ﴿۵۴﴾

ing laladan ingkang tebih-tebih ing bumi, sarta piweca punika kasebut wonten ing surat ingkang tumurun nalika jaman wiwitan ing Makkah, inggih punika nalika para Muslimin ingkang sakedhik cacah jiwanipun dipun aniaya ingkang sakalangkung sanget, tuwin nalika agami Islam katingal sakedhik sanget pangajeng-ajengipun angsal pandhèrèk wonten ing pundi kémawon.

آياتها ٥٣ (٤٢) سُوْرَةُ الشُّوْرٰى مَكِّيَّةٌ ركوعاتها ٥

SURAT 42

ASY-SYÛRÂ

(*Pirembagan*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*5 ruku', 53 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Wilasanipun Pangéran anggè-Nipun aparing pèpènget.
Ruku' 2. Pancasan badhé dipun paringaken.
Ruku' 3. Purba-wisésaning Allah punika adil.
Ruku' 4. Para mukminin kedah sabar.
Ruku' 5. Wahyuning Pangéran punika nuntun dhateng leres.

Namanipun

Punika surat ingkang kaping tiga tumrap golongan *Hâmîm*, namanipun *Asy-Syûrâ* utawi *Pirembagan*. Nama punika piridan saking ayat 38, ingkang maréntahaken dhateng para Muslimin supados tansah ngawontenaken pirembagan tumrap sadaya prakawis ingkang wigatos. Dhawuh punika masang papréntahan mawi pirembagan (majlis syura) utawi papréntahan mawi parlemén.

Gathuking suraosipun tuwin babipun ingkang kawarsitakaken

Bab prakawis titimangsanipun nalika katurunaken tuwin gathuking suraosipun, mirsanana katrangan ingkang mangka purwakaning surat 40. Surat ingkang sampun-sampun mangandikakaken bab kadadosanipun angemohi yakti, surat punika lajeng mangandikakaken bilih wilasanipun Pangéran punika sami-sami sifating Pangéran menang utawi anglimputi piyambak, awit saking punika ruku' ingkang kaping sapisan nerangaken bilih Pangéran maringi pèpènget punika ugi dumunung maringi wilasa, awit Panjenenganipun kepareng amedharaken punapa ingkang dados keparenging karsa-Nipun lumantar nabi-nabi-Nipun, mangka para malaikat-Ipun inggih sami nyuwunaken pangapunten tumrap para manusa. Dados Allah punika sajatos-jatosing Dhat Ingkang-Ngayomi, sarta inggih lantaran pèpènget wau wontenipun tiyang sagolongan katarik dhateng pangayomanipun Allah ingkang adhadhasar sih-wilasa. Ruku' ingkang kaping kalih nyebutaken bilih Pangéran mesthi maringi pancasan kanggé mancasi pasulayan. Ruku' ingkang kaping tiga nerangaken bilih garapipun Allah dhateng manusa punika adil sanget, boten wonten satunggal kémawon tiyang ingkang kalebur kanthi boten adil. Ruku' ingkang kaping sakawan dhawuh anggatosaken dhateng kawontenan nyata, bilih nadyan tiyang ingkang atindak dédé pisan, boten tumunten lajeng dipun pidana margi pepékanipun, wangsul Allah kepareng nyabaraken malah ngantos kepareng ambirat kasusahanipun punapa, awit Panjenenganipun punika Dhat Ingkang-Nitahaken. Awit saking punika para mukminin kedah angentosi kalayan sabar, sarta salebetipun angentosi wau kedah sami nindakaken kasaénan miturut pitedah ingkang sampun kaparingaken dhateng piyambakipun. Ruku' ingkang wekasan piyambak nerangaken bilih Quran punika wahyuning Pangéran, kawasa nuntun dhateng leres, milanipun para ingkang sami boten purun andhèrèk pitedahipun Quran, mesthi badhé ngalami piyambak awakipun dumunung wonten ing kawontenan awon ingkang nusahaken.

RUKU' 1

Wilasanipun Pangéran anggèn-Ipun aparing pèpènget

1-4. Allah punika tansah medharaken karsa-Nipun dhateng para Nabi. 5. Para malaikat sami anyuwunaken pangapunten sadaya tiyang ingkang wonten ing bumi. 6. Allah punika angreksa samukawis. 7. Kanjeng Nabi apaparing pèpènget. 8. 9. Allah punika pangayoman satuhu.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

a. 2171 1 Allah Ingkang-Ingalembana, Ingkang-Minulya,[a]

حٰمٓ ﴿١﴾

2 Ingkang-Ngudanèni, Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Kawasa.[2216]

عٓسٓقٓ ﴿٢﴾

3 Kaya mangkono Allah, Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Wicaksana, anggoné aparing wewedhar marang sira lan marang para ing sadurungira.

كَذٰلِكَ يُوْحِيْٓ اِلَيْكَ وَاِلَى الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِكَ ۙ اللّٰهُ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ﴿٣﴾

4 Kagungané Panjenengané sabarang kang ana ing langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi, sarta Panjenengané iku Ingkang-Mahaluhur, Ingkang-Agung.

لَهٗ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ ۗ وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيْمُ ﴿٤﴾

5 Mèh baé langit-langit padha sigar saka ing dhuwuré, sarta para malaikat padha mahasucèkaké kalawan pangalembana ing Pangérané lan padha nyuwunaké pangapura para kang ana ing bumi;[2217] lan sayekti Allah iku Ingkang-Aparamarta, Ingkang-Mahaasih.

تَكَادُ السَّمٰوٰتُ يَتَفَطَّرْنَ مِنْ فَوْقِهِنَّ وَالْمَلٰٓئِكَةُ يُسَبِّحُوْنَ بِحَمْدِ رَبِّهِمْ وَيَسْتَغْفِرُوْنَ لِمَنْ فِى الْاَرْضِ ۗ اَلَآ اِنَّ اللّٰهَ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ ﴿٥﴾

2216. Aksara kakalih ingkang wiwitan sami kados déné ingkang wonten ing wiwitaning surat angka 40. Aksara titiga ingkang kantun, '*ain* punika '*alîm*, tegesipun *Ingkang-Ngudanèni*, *sin* punika *sami'*, tegesipun *Ingkang-Miyarsa*, *qaf* punika *qadîr*, tegesipun *Ingkang-kawasa.*

2217. Suraosipun, durakanipun manusa punika murugaken énggal katurunan siksa: nanging sih wilasanipun Allah nahan siksa wau. Ing panggènan sanès langit pecah punika dipun agem kalayan mengku teges, Pangéran boten rena dhateng piwulang bab kapangérananipun Kanjeng Nabi 'Isa. Boten renanipun Pangéran dhateng kadurakanipun manusa punika sakalangkung sanget, nanging sifat asih-Ipun menang kaliyan punapa kémawon, ngantos para malaikat sami nyuwunaken pangapunten ing

6 Wondéné para kang padha angalap pangayoman saliyané panjenengané, iku Allah kang anjaga marang dhèwèké, lan dudu kowé kang angreksa marang dhèwèké

وَالَّذِينَ اتَّخَذُوا مِن دُونِهِ أَوْلِيَاءَ
اللَّهُ حَفِيظٌ عَلَيْهِمْ وَمَا أَنتَ
عَلَيْهِم بِوَكِيلٍ ﴿٦﴾

7 Lan kaya mangkono anggon-Ingsun aparing wewedhar marang sira Quran basa Arab, supaya sira apépéling marang *baboning Nagara* sarta sapa (kang ana ing) sakiwa tengené tuwin (supaya) sira apépélinga (ananing) dina himpunan, kang wis tanpa ana semang-semangé;[2218] sabagéan ana ing sajroné taman lan sabagéan ana sajroning geni mulad-mulad.

Ut. *ibu negeri*

وَكَذَٰلِكَ أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ قُرْآنًا عَرَبِيًّا
لِّتُنذِرَ أُمَّ الْقُرَىٰ وَمَنْ حَوْلَهَا وَتُنذِرَ
يَوْمَ الْجَمْعِ لَا رَيْبَ فِيهِ ۚ فَرِيقٌ فِي الْجَنَّةِ
وَفَرِيقٌ فِي السَّعِيرِ ﴿٧﴾

8 Lan saupama Allah angarsakna, amasthi dhèwèké padha didadèkaké umat sawiji, ananging Panjenengané anglebokaké marang wilasa-Né sapa-sapa sing dadi karsané, sarta para atindak dudu ora bakal ana sing ngreksa sarta ora bakal ana sing mitulungi.

وَلَوْ شَاءَ اللَّهُ لَجَعَلَهُمْ أُمَّةً وَاحِدَةً
وَلَٰكِن يُدْخِلُ مَن يَشَاءُ فِي رَحْمَتِهِ ۚ
وَالظَّالِمُونَ مَا لَهُم مِّن وَلِيٍّ وَلَا نَصِيرٍ ﴿٨﴾

9 Apa ta dhèwèké padha angalap pangreksa saliyané Panjenengané? Ananging Allah iku Sang Pangreksa, sarta Panjenengané iku anguripaké para kang mati tuwin Panjenengané iku marang samubarang kawasa.

أَمِ اتَّخَذُوا مِن دُونِهِ أَوْلِيَاءَ ۖ فَاللَّهُ
هُوَ الْوَلِيُّ وَهُوَ يُحْيِي الْمَوْتَىٰ وَهُوَ
عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٩﴾

---

para manusa. Para malaikat sami nyuwunaken pangapunten ing para manusa, punika anedahaken bilih inggih Allah Pribadi ingkang karsa badhé ngapunten ing manusa. Pandamelipun manusa boten murugaken pantes angsal pangapunten, nanging ngapunten punika sifatipun Pangéran, sarta sifating Pangéran wau tumandukipun mawi lantaran prihatosipun para malaikat. Sifat-sifat ingkang dipun anggé mungkasi ayat punika, ngiyataken katrangan ingkang makaten wau.

2218. Dinten himpunan, *yaumu-l-jam'* ing ngriki punika sajakipun ingkang dipun karsakaken perangipun ingkang sapisan titiyang Muslimin kaliyan titiyang kafir Makkah; ing ngriki titiyang Muslimin kasebut golongan *ingkang wonten ing suwarga*, inggih punika golongan ingkang menang, déné titiyang kafir Makkah kasebut golongan ingkang wonten ing latu murub, inggih punika golongan ingkang badhé nemahi kawon. Dados ingkang makaten punika mecakaken badhé kamenanganipun golongan Muslimin tuwin kawonipun golongan kafir. Ayat candhakipun saya adamel cethanipun ingkang makaten wau, sarana anerangaken bilih para angèstu badhé kalebetaken dhateng sihipun

RUKU' 2

Pancasan badhé kaparingaken

10-12. Allah amancasi sadaya sulaya. 13. Agamanipun para nabi ingkang sanyata. 14. Wancinipun sampun tinamtu. 15. Pasulayan masthi kalampahan. 16 Pidananipun para kafir. 17, 18. Titimangsa sampun celak. 19. Kakiyatan sarta kawasanipun Allah.

وَمَا اخْتَلَفْتُمْ فِيهِ مِنْ شَيْءٍ فَحُكْمُهُ إِلَى اللَّهِ ۚ ذَٰلِكُمُ اللَّهُ رَبِّي عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ وَإِلَيْهِ أُنِيبُ ﴿١٠﴾

10 Lan kowé padha sulaya ing dalem apa baé, Pancasané ana ing (astaning) Allah; iku Allah Pangéranku; marang Panjenengané sumarahku sarta marang panjenengané anggonku tansah *bali*.

Ut. *mratobat*

فَاطِرُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ جَعَلَ لَكُمْ مِنْ أَنْفُسِكُمْ أَزْوَاجًا وَمِنَ الْأَنْعَامِ أَزْوَاجًا ۖ يَذْرَؤُكُمْ فِيهِ ۚ لَيْسَ كَمِثْلِهِ شَيْءٌ ۖ وَهُوَ السَّمِيعُ الْبَصِيرُ ﴿١١﴾

11 Ingkang anitahaké langit-langit lan bumi; Panjenengané andadèkaké jodho tumrap marang sira saka ing *awakira*, mangkono uga jodho tumrap rajakaya, ing kono sira padha didadèkaké ababranahan; ora ana sawiji-wiji kang kaya èmper-èmperé Panjenengané; lan Panjenengané iku Ingkang-Miyarsa, Ingkang-Angudanèni.[2219]

Ut. *antaranira*

لَهُ مَقَالِيدُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۖ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَنْ يَشَاءُ وَيَقْدِرُ ۚ إِنَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ﴿١٢﴾

12 Kagungané Panjenengané gedhonging langit-langit lan bumi iku; Panjenengané angombèraké sarta anyumpi rijeki, tumrapa sapa kang dadi karsa-Né; sayekti Panjenengané iku marang samubarang Uninga.

شَرَعَ لَكُمْ مِنَ الدِّينِ مَا وَصَّىٰ بِهِ

13 Panjenengané wus anerangaké agama tumrap sira apa kang wus didhawuhaké marang

---

Pangéran, tegesipun dhateng suwarga, déné para titiyang Makkah ingkang atindak dédé, badhé nandhang apes tanpa wonten ingkang mitulungi tuwin tanpa wonten ingkang ngayomi, inggih punika kawontenan latu murub.

2219. Pangéran punika tan kena kinaya ngapa, tikel tekuk gulung angungkuli sadaya pangertosan wadhag, ngantos boten saged dipun kanthak-kanthakaken kados punapa Panjenenganipun punika, najan namung ngibarat kémawon inggih boten saged; awit, boten namung "boten wonten satunggal punapa ingkang kados Panjenenganipun" kémawon nanging kados déné ingkang kasebutaken ing ngriki, boten wonten barang ingkang kados èmper-èmpering Panjenenganipun. Kados makaten pangertosanipun Islam ingkang murni dhateng bab Gusti Allah, boten kénging ginayuh ing akaling manusa. Panjenenganipun punika boten namung angungkuli sadaya ingkang sifat wadhag kémawon, nanging dalasan ibarat kémawon, boten saged anggayuh ing Panjenenganipun.

Ut. *yèn pangandika-Ningsun*

Nuh sarta kang wus Ingsun wedharaké marang sira tuwin apa kang wis Ingsun dhawuhaké marang Ibrahim lan Musa sarta ‘Isa, *yaiku*; dijejeg ing pambangun-turut sarta ing kono aja padha pepecahan;[2220] abot ing atasé para musrik apa panga-jakira marang dhèwèké, Allah amilih piyambak sapa sing dadi karsané, sarta anuntun marang Panjenengané sapa kang tansah *madhep* (marang Panjenengané).

Ut. *bali, tobat*

نُوحًا وَّالَّذِيٓ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ وَمَا
وَصَّيْنَا بِهِۦٓ إِبْرَٰهِيمَ وَمُوسَىٰ وَعِيسَىٰٓ
أَنْ أَقِيمُوا الدِّينَ وَلَا تَتَفَرَّقُوا فِيهِ ۚ
كَبُرَ عَلَى الْمُشْرِكِينَ مَا تَدْعُوهُمْ إِلَيْهِ ۚ
اللَّهُ يَجْتَبِيٓ إِلَيْهِ مَن يَشَآءُ وَيَهْدِيٓ
إِلَيْهِ مَن يُنِيبُ ﴿١٣﴾

14 Lan dhèwèké ora padha pisah-pisah kajaba sawisé padha katekan kawruh, amarga saka anggoné padha arebut unggul: lan saupama sabda saka Pangéranira oraa wus dhumawuh dhisik, tumeka ing wayah kang wus tinamtu, amasthi dhèwèké padha kapancasan; lan sayekti, para kang padha diwarisi Kitab ing sapungkuré dhèwèké, iku temen padha dumunung ing semang-semang kang abanget tumrap (prakara) iku.[2221]

وَمَا تَفَرَّقُوٓا إِلَّا مِنۢ بَعْدِ مَا جَآءَهُمُ
الْعِلْمُ بَغْيًۢا بَيْنَهُمْ ۚ وَلَوْلَا كَلِمَةٌ
سَبَقَتْ مِن رَّبِّكَ إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّى
لَّقُضِيَ بَيْنَهُمْ ۚ وَإِنَّ الَّذِينَ أُورِثُوا
الْكِتَٰبَ مِنۢ بَعْدِهِمْ لَفِي شَكٍّ
مِّنْهُ مُرِيبٍ ﴿١٤﴾

15 Mulané lah ajak-ajaka marang iku sarta disantosa angambah dalan kang bener kaya kang wus kaparéntahaké marang sira sarta aja sira manut marang pepénginé kang asor-asor, lan calathua: Aku iki angèstu marang Kitab kang katurunaké déning Allah, sarta aku

فَلِذَٰلِكَ فَادْعُ ۖ وَاسْتَقِمْ كَمَآ أُمِرْتَ ۖ
وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَآءَهُمْ ۖ وَقُلْ ءَامَنتُ
بِمَآ أَنزَلَ اللَّهُ مِن كِتَٰبٍ ۖ وَأُمِرْتُ

2220. Sampun wiwit nalika jaman wiwitan mila Quran angundhangaken, bilih agami ingkang dipun wulangaken Kanjeng Nabi punika sanès agami anyar, wangsul, menggah ing tatales ingkang mangka dhadhasaripun, punika agami ingkang dipun wulangaken Kanjeng Nabi Nuh, Kanjeng Nabi Ibrahim, Kanjeng Nabi Musa tuwin Kanjeng Nabi ‘Isa. Menggah ing sajatos-jatosipun, dhasar tatalesing Islam inggih dhasar tatalesing sadaya agaminipun para manusa, punika tandhayekti ingkang peng-pengan, ingkang ambuktèkaken ing kayektènipun Islam.

2221. Titiyang ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika para titiyang ingkang ing sapunika kaparingan wasita déning Kanjeng Nabi. Tumrap piyambakipun, pancasanipun dipun sumenèkaken. Tembung *dhèwèké* ing dhawuh ingkang mungel *kang padha diwarisi kitab ing sapungkuré dhèwèké*, punika ingkang dipun karsakaken para andika nabi.

لِأَعْدِلَ بَيْنَكُمُ ۖ اللَّهُ رَبُّنَا وَرَبُّكُمْ ۖ
لَنَا أَعْمَالُنَا وَلَكُمْ أَعْمَالُكُمْ ۖ لَا حُجَّةَ
بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمُ ۖ اللَّهُ يَجْمَعُ بَيْنَنَا ۖ
وَإِلَيْهِ الْمَصِيرُ ﴿١٥﴾

kadhawuhan tumindak adil ing antaranira; Allah iku Pangéranku lan Pangéranira; aku bakal padha éntuk panggawéku lan sira bakal padha éntuk panggawénira; (saiki) ora ana padudon ing antarané aku lan *kowé*; Allah bakal angimpun *aku kabèh,* lan marang Panjenengané tujuning paran iku.[2222]

Ar. *antaranira*
Ar. *antarané aku kabèh*

وَالَّذِينَ يُحَاجُّونَ فِي اللَّهِ مِنْ بَعْدِ
مَا اسْتُجِيبَ لَهُ حُجَّتُهُمْ دَاحِضَةٌ
عِنْدَ رَبِّهِمْ وَعَلَيْهِمْ غَضَبٌ وَلَهُمْ
عَذَابٌ شَدِيدٌ ﴿١٦﴾

16 Wondéné para kang padha amadoni ing dalem prakara Allah ing sawisé pambangun turut konjuk marang Panjenengané, ing ngarsaning Pangéran paduné bakal tanpa gawé sarta bakal padha katiban bendu tuwin bakal padha olèh siksa kang abot.[2223]

اللَّهُ الَّذِي أَنْزَلَ الْكِتَابَ بِالْحَقِّ
وَالْمِيزَانَ ۗ وَمَا يُدْرِيكَ لَعَلَّ
السَّاعَةَ قَرِيبٌ ﴿١٧﴾

17 Allah iku Kang wus anurunaké Kitab kalawan kasunyatan sarta traju[2224] lan apa ta kang bakal meruhaké sira mbokmanawa titining mangsa iku wis cedhak.

يَسْتَعْجِلُ بِهَا الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِهَا ۖ
وَالَّذِينَ آمَنُوا مُشْفِقُونَ مِنْهَا وَ
يَعْلَمُونَ أَنَّهَا الْحَقُّ ۗ أَلَا إِنَّ الَّذِينَ

18 Para kang padha ora angèstu marang iku padha anggégé, *déné* para kang angèstu padha wedi marang iku, sarta padha weruh yèn iku kanyatan. O, sayekti, para kang

Ar. *lan*

2222. Dhawuh punika mangandikakaken jaman nalika para titiyang wau babar pisan boten sami purun mirengaken anggènipun mumucal Kanjeng Nabi, mila sapunika panjenenganipun lajeng maringi pèpènget dhateng para titiyang wau, bilih ing dinten nalika golongan kakalih kaimpun, piyambakipun tumunten sami badhé neksèni piyambak wohipun ingkang awon pandamelipun. Kalayan terang dhawuh punika mengku suraos dhawah apipisahan kémawon rumiyin. Inggih pipisahan punika ingkang katuju ing dhawuh: *saiki ora ana padudon ing antarané aku lan kowé*. Dados sampun terang bilih dalasan wahyu ingkang tumurun nalika jaman wiwitan pisan, sampun wonten piweca ingkang terang bab Hijrahipun Kanjeng Nabi Suci.

2223. Dhawuh ingkang mungel *kang padha amadoni ing dalem prakara Allah ing sawusé pambangun-turut konjuk marang Panjenengané*, punika ingkang dipun karsakaken para pandhèrèkipun wahyu ingkang sampun-sampun, awit kitab sucinipun andhawuhaken ambangun-turut dhateng satunggaling nabi ingkang badhé rawuh ing sapengkeripun. Utawi saged ateges, ing sasampunipun para titiyang wau sami ngrasuk Islam (Bd).

2224. Uruting ukara: Allah anurunaken Kitab lan traju. *Traju* punika tegesipun *angger-angger* (Bd, JB), ingkang kanggé nimbang wewenang-wewenang tuwin kawajiban-kawajibanipun manusa. Kula aturi maspaosaken, ing ngriku tembung wadhag dipun agem sacara ruhani déning Quran Suci. Manawi bab punika dipun èngeti punapa mesthinipun, kathah prakawis ingkang angèl-angèl ingkang pinanggih salebetipun marsudi Quran Suci saged ical.

puguh amadoni ing dalem prakara titining mangsa, iku temen padha dumunung ing sasar kang *banget.*

Ar. *adoh*

يُمَارُونَ فِي السَّاعَةِ لَفِي ضَلَٰلٍۭ بَعِيدٍ ﴿١٨﴾

19 Allah iku Mahawelas marang para kawula-Né; Panjenengané aparing rejeki marang sapa sing dadi karsa-Né; lan Panjenengané iku Ingkang-Prakosa, Ingkang-Kinawasa.

ٱللَّهُ لَطِيفٌۢ بِعِبَادِهِۦ يَرْزُقُ مَن يَشَآءُ ۖ وَهُوَ ٱلْقَوِىُّ ٱلْعَزِيزُ ﴿١٩﴾

RUKU’ 3

Purba-wisésaning Allah punika adil

20-23. Satunggal-tunggaling tiyang punika ngundhuh tanemanipun. 24. Kasunyatan badhé katetepaken. 25, 26. Allah punika Mahawelas. 27. Mubra-mubru punika nuwuh-aken pamirong. 28, 29. Panjenenganipun anglubèraken wilasa-Nipun tikel matikel.

20 Sapa sing kapéngin panènan akhirat, Ingsun bakal muwuhi panènané marang dhèwèké; lan sapa sing kapéngin panènan donya, bakal Ingsun paringi iku lan ana ing akhirat ora bakal ana panduman.

مَن كَانَ يُرِيدُ حَرْثَ ٱلْـَٔاخِرَةِ نَزِدْ لَهُۥ فِى حَرْثِهِۦ ۖ وَمَن كَانَ يُرِيدُ حَرْثَ ٱلدُّنْيَا نُؤْتِهِۦ مِنْهَا وَمَا لَهُۥ فِى ٱلْـَٔاخِرَةِ مِن نَّصِيبٍ ﴿٢٠﴾

21 Apa ta dhèwèké padha duwé sakuthon kang awèh tatanan agama kang ora diparengaké déning Allah? Lan lamun ta oraa wis ana sabda pancasan, sayekti *dhèwèké* wis padha diputus; lan sayekti para wong atindak dudu iku bakal padha olèh siksa kang nglarani.[2225]

Ar. *antara-né dhèwèké*

أَمْ لَهُمْ شُرَكَٰٓؤُا۟ شَرَعُوا۟ لَهُم مِّنَ ٱلدِّينِ مَا لَمْ يَأْذَنۢ بِهِ ٱللَّهُ ۚ وَلَوْلَا كَلِمَةُ ٱلْفَصْلِ لَقُضِىَ بَيْنَهُمْ ۗ وَإِنَّ ٱلظَّٰلِمِينَ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٢١﴾

22 Sira bakal andeleng wong kang atindak dudu padha wedi amarga saka apa kang wus padha *dilakoni*, lan iku masthi tumiba marang dhèwèké; wondéné para kang angèstu lan anglakoni panggawé becik iku bakal padha ana ing bumining patamanan kang loh-

Ar. *pinako-lih*

تَرَى ٱلظَّٰلِمِينَ مُشْفِقِينَ مِمَّا كَسَبُوا۟ وَهُوَ وَاقِعٌۢ بِهِمْ ۗ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ فِى رَوْضَاتِ ٱلْجَنَّاتِ ۖ

2225. Tembung pancasan punika pancasan ingkang sampun kadhawahaken, inggih punika bilih para atindak dédé badhé dipun paringi inah, murih para titiyang wau angsala kelonggaran ambangun awakipun.

jinawi; ana ing ngarsaning Pangérané bakal padha olèh apa sing dikarepaké; iku lubèring paparing kang agung.

لَهُم مَّا يَشَاءُونَ عِندَ رَبِّهِمْ ۚ ذَٰلِكَ
هُوَ الْفَضْلُ الْكَبِيرُ ﴿٢٢﴾

23 Iku bubungah kang diwartakaké déning Allah marang para kawula-Né kang padha angèstu lan anglakoni panggawé becik. Calathua: Aku ora anjaluk pituwas marang kowé ingatasé prakara iku kajaba katresnan marang krabat;[2226] lan sapa sing *anglakoni* kabecikan, ing kono Ingsun bakal amuwuhi kabecikan marang dhèwèké; sayekti Allah iku Aparamarta, Sukur.

Ar. *amakolih*

ذَٰلِكَ الَّذِي يُبَشِّرُ اللَّهُ عِبَادَهُ الَّذِينَ
آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ ۗ قُل لَّا
أَسْأَلُكُمْ عَلَيْهِ أَجْرًا إِلَّا الْمَوَدَّةَ فِي
الْقُرْبَىٰ ۗ وَمَن يَقْتَرِفْ حَسَنَةً نَّزِدْ لَهُ
فِيهَا حُسْنًا ۚ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ شَكُورٌ ﴿٢٣﴾

24 Apa ta dhèwèké padha calathu: Dhèwèké agawé gogorohan tumrap marang Allah? Lah yèn Allah angarsakna, Panjenengané bakal *anutup* atinira;[2227] lan Allah bakal anglebur barang goroh sarta anetepaké barang yakti kalawan

Ar. *angecap ing*

أَمْ يَقُولُونَ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا ۖ
فَإِن يَشَإِ اللَّهُ يَخْتِمْ عَلَىٰ قَلْبِكَ ۗ وَ
يَمْحُ اللَّهُ الْبَاطِلَ وَيُحِقُّ الْحَقَّ بِكَلِمَاتِهِ ۚ

2226. Para mufassirin ingkang kathah-kathah sami anggadhahi pamanggih, bilih katresnan dhateng krabat, ingkang kadhawuhaken wonten ngriki, punika ateges tresna dhateng krabatipun Kanjeng Nabi. Nanging ing dhawuh ngriki boten wonten satunggal punapa ingkang murugaken dhawuh punika winastan suraosipun, sarta teges makaten wau boten dipun ajengi I'Ab. (Bkh). Déné kalèntuning panyuraos wau margi kirang patitis anggènipun nyuraos tegesipun tembung *illâ* (mirsanana 59). Suraosing dhawuh, sanès kok tresna dhateng krabat wau pituwas ingkang dipun pundhut Kanjeng Nabi. Déné suraosipun ingkang leres, inggih punika: *Aku ora anjaluk pituwas apa-apa marang kowé; déné panjalukku marang kowé, kowé padha tresnaa marang krabatmu*. Bangsa Arab punika kénging winastan sasambetan krabat ingkang rapet satunggal lan satunggalipun; suprandéné tansah peperangan tanpa wonten kèndel-kèndelipun. Para titiyang wau sami dipun dhawuhi ngèndeli anggènipun tansah peperangan sami bangsa piyambak, sarta lajeng samia tresna-tinresnanan satunggal kaliyan satunggalipun. Utawi saged mengku suraos, Kanjeng Nabi mundhut dhateng para titiyang wau murih sami ngèndelana anggènipun nganiaya dhateng panjenenganipun, sarta lajeng sami tresnaa dhateng panjenenganipun kados tresnanipun dhateng krabat piyambak, amargi sadaya pancer punika satunggal lan satunggalipun taksih magepokan sanak (I'Ab-Bkh).

2227. Panggalihipun Kanjeng Nabi dipun ecap, punika boten kok ateges dipun ecap lumawan yakti ingkang kawahyokaken dhateng panjenenganipun, nanging dipun ecap murih tetegipun lumawan pangawon-awonipun para titiyang wau, jalaran para titiyang wau sami ngawon-awon ing Kanjeng Nabi lan mastani panjenenganipun tukang dora-cara (Bd). Langkung-langkung teges makaten punika cocog kaliyan suraosing dhawuh ing ngajeng saha ing wingkingipun, awit sarana anyirnakaken panggorohan tuwin anjumenengaken yakti, pangawon-awon mesthi lajeng kèndel, dados panggalihipun Kanjeng Nabi lajeng teteg lumawan para titiyang wau.

إِنَّهُ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ٢٤

sabda-Né;[2228] sayekti Panjenengané iku Angudanèni marang apa
Ut. *ati* kang ana ing *dhadha-dhadha.*

وَهُوَ الَّذِي يَقْبَلُ التَّوْبَةَ عَنْ عِبَادِهِ
وَيَعْفُوا عَنِ السَّيِّئَاتِ وَيَعْلَمُ
مَا تَفْعَلُونَ ٢٥

25 Lan Panjenengané iku Kanganampani pitobating kawula-Né sarta angapura panggawé dudu apa déné angudanèni apa panggawému;

وَيَسْتَجِيبُ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا
الصَّالِحَاتِ وَيَزِيدُهُمْ مِنْ فَضْلِهِ ۚ
وَالْكَافِرُونَ لَهُمْ عَذَابٌ شَدِيدٌ ٢٦

26 Lan Panjenengané anyembadani para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik apa déné amuwuhi lubèring paparing-É
Ar. *lan* marang dhèwèké; *déné* para kafir bakal padha olèh siksa kang abot.

وَلَوْ بَسَطَ اللَّهُ الرِّزْقَ لِعِبَادِهِ لَبَغَوْا
فِي الْأَرْضِ وَلَٰكِنْ يُنَزِّلُ بِقَدَرٍ مَا
يَشَاءُ ۚ إِنَّهُ بِعِبَادِهِ خَبِيرٌ بَصِيرٌ ٢٧

27 Lan manawa Allah anjembaraké rijeki marang para kawula-Né,
Ar. *dhèwèké* masthi *iki* padha mirong ana ing bumi; ananging anggoné anurunaké kalawan taker apa sakarsa-Né; sayekti Allah iku marang para kawula-Né Waspada, Udani.

وَهُوَ الَّذِي يُنَزِّلُ الْغَيْثَ مِنْ بَعْدِ
مَا قَنَطُوا وَيَنْشُرُ رَحْمَتَهُ ۚ وَهُوَ
الْوَلِيُّ الْحَمِيدُ ٢٨

28 Lan Panjenengané iku Kang anurunaké udan ing sawisé dhèwèké padha pedhot pangarep-arepé sarta anggelar wilasa-Né; lan Panjenengané iku Ingkang-Angayomi, Ingkang-Pinuji.

وَمِنْ آيَاتِهِ خَلْقُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ
وَمَا بَثَّ فِيهِمَا مِنْ دَابَّةٍ ۚ وَهُوَ عَلَىٰ
جَمْعِهِمْ إِذَا يَشَاءُ قَدِيرٌ ٢٩

29 Lan sawenèhing tandhatandha-Né yaiku tumitahing langitlangit lan bumi sarta anggon-É anyebar sato kéwan ana ing sakaro-karoné; lan samangsa ngarsakaké, Panjenengané iku angimpun iku kawasa.

RUKU' 4

Para mukmin kedah sabar

30-36. Purba wisésanipun Pangéran dhateng manusa punika cetha amengku wilasa. 37, 38. Para mukmin kedah anyingkiri awon sarta tinuntun asarana golonging rembag. 39-43. Sami gadhah wewenang ambélani dhiri, ananging sabar langkung prayogi.

2228. Dhawuh punika mengku piweca-piweca ingkang kanyataaning wahananipun mesthi badhé mahanan yakti jumeneng kalayan kiyat.

30 Lan bilai apa baé kang angenani sira, lah iku amarga saka panggawéné tangan-tanganira, *éwadéné* (dosanira) sing akèh Panjenengané angapura.

Ar. *lan*

وَمَآ أَصَابَكُم مِّن مُّصِيبَةٍ فَبِمَا كَسَبَتْ
أَيْدِيكُمْ وَيَعْفُوا۟ عَن كَثِيرٍ ٣٠

31 Lan ana ing bumi sira ora bisa angoncati, sarta sira ora bakal duwé pangayoman *utawa* panulung saliyané Allah.

Ar. *lan ora*

وَمَآ أَنتُم بِمُعْجِزِينَ فِى ٱلْأَرْضِ ۖ وَمَا
لَكُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ مِن وَلِىٍّ وَلَا نَصِيرٍ ٣١

32 Lan sawenèhing tandha-tandha-Né yaiku prau-prau ing sagara kaya gunung-gunung.

وَمِنْ ءَايَٰتِهِ ٱلْجَوَارِ فِى ٱلْبَحْرِ كَٱلْأَعْلَٰمِ ٣٢

33 Manawa Panjenengané angarsakna, Panjenengané angendhegaké angin, banjur (prau) iku *kumambang mandheg*; sayekti ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap sarupaning wong kang padha sabar, wong kang sukur.

Ar. *sumèlèh ing gegeré ora obah*

إِن يَشَأْ يُسْكِنِ ٱلرِّيحَ فَيَظْلَلْنَ رَوَاكِدَ
عَلَىٰ ظَهْرِهِۦٓ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّكُلِّ
صَبَّارٍ شَكُورٍ ٣٣

34 Utawa Panjenengané saged anyirnakaké iku amarga saka panggawéné, éwadéné sing akèh Panjenengané angapura;[2229]

أَوْ يُوبِقْهُنَّ بِمَا كَسَبُوا۟ وَيَعْفُ
عَن كَثِيرٍ ٣٤

35 Lan (dimèn) para kang madoni timbalan-timbalan-Ingsun padha weruh, (yèn) dhèwèké ora padha olèh papan pangungsèn.

وَيَعْلَمَ ٱلَّذِينَ يُجَٰدِلُونَ فِىٓ ءَايَٰتِنَا
مَا لَهُم مِّن مَّحِيصٍ ٣٥

36 Mulané sadhéngah barang kang diparingaké marang sira, iku mung pasadhiyan kauripan donya, sarta apa kang ana ngarsaning Allah iku luwih becik sarta luwih langgeng, tumrap para kang padha angèstu sarta marang Pangérané padha sumarah.

فَمَآ أُوتِيتُم مِّن شَىْءٍ فَمَتَٰعُ
ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا ۖ وَمَا عِندَ ٱللَّهِ خَيْرٌ
وَأَبْقَىٰ لِلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ
يَتَوَكَّلُونَ ٣٦

2229. Baita ing ayat kakalih punika, inggih punika baitaning prakawisipun titiyang kafir Makkah, ingkang ing wekasanipun mesthi badhé nemahi karisakan; suprandéné pangrengkuhipun Allah dhateng piyambakipun kalayan adhadhasar welas lan asih, inggih punika sarana maringi pangapunten dhateng pandamelipun duraka ingkang sapérangan kathah. Ayat candhakipun nyethakaken suraos ingkang kados makaten punika, sarana dhawuh anggatosaken dhateng gumelaring kanyataan bilih pratélan wau minangka pèpènget dhateng *para ingkang mabeni timbalan-timbalanipun Allah*, inggih punika titiyang Makkah, bilih badhé boten angsal pangayoman samangsa baitanipun nemahi karisakan.

37 Lan para kang padha nyingkiri dosa gedhé-gedhé sarta panggawé nistha, apa déné nalikané dhèwèké nesu, awèh pangapura.

وَالَّذِينَ يَجْتَنِبُونَ كَبَٰٓئِرَ الْإِثْمِ وَالْفَوَاحِشَ وَإِذَا مَا غَضِبُوا هُمْ يَغْفِرُونَ ﴿٣٧﴾

38 Lan para kang padha nyandikani marang Pangérané sarta anjumenengaké salat – sarta papréntahané (diputus asarana) *padha* dirembug *sakancané* – sarta padha amèwèhaké paparing-Ingsun marang dhèwèké.[2230]

Ar. *antarané dhèwèké*

وَالَّذِينَ اسْتَجَابُوا لِرَبِّهِمْ وَأَقَامُوا الصَّلَوٰةَ وَأَمْرُهُمْ شُورَىٰ بَيْنَهُمْ وَمِمَّا رَزَقْنَٰهُمْ يُنْفِقُونَ ﴿٣٨﴾

39 Lan para kang padha lumawan ambélani dhiri nalikané panganiaya gedhé angenani awaké.[2231]

وَالَّذِينَ إِذَآ أَصَابَهُمُ الْبَغْيُ هُمْ يَنْتَصِرُونَ ﴿٣٩﴾

2230. Wahyu ingkang tumurun ing Makkah jaman wiwitan sampun wonten dhawuh ingkang mungel: *papréntahane diputus asarana padha dirembug sakancané*, punika sakalangkung wigatos. Kedah dipun pèngeti bilih wahyu ing jaman wiwitan punika mengku piweca-piweca ingkang terang, bab paprangan antawisipun wadyabala Quraisy ingkang kiyat lan kaum Muslimin ingkang namung sakedhik cacah jiwanipun, tuwin bab badhé jumenengipun karatoning Islam minangka angsal-angsalaning peperangan wau. Lah punika salah satunggaling ayat-ayatipun Quran ingkang suka pasaksèn ingkang terang dhateng prakawis adegipun karatoning Islam wau. Kados adat sabenipun ing ngriki para Muslimin kadhawuhan nindakaken sembahyang tuwin andanakaken rijeki paparingipun Allah. Nanging ing antawisipun dhawuh warni kalih punika, ingkang wonten ing Quran Suci mesthi kadhawuhaken sasarengan, wonten dhawuh malih ingkang angka tiga, inggih punika: *Sarta papréntahané diputus asarana padha dirembug sakancané*. Sampun terang bilih nalika jaman wiwitan wau para Muslimin boten ngalami prakawis-prakawis ingkang wigatos, ingkang betah dipun rembag sasarengan wonten ing majlis syura (babadan wakiling rakyat); suprandéné ing antawisipun dhawuh warni kalih ingkang dados tatalesing gesangipun Islam ingkang sajati wau, dipun seseli dhawuh ingkang angka tiga, ingkang andhawuhaken pirembagipun majlis syura dados paugeran. Dados tétéla manawi dhawuh punika minangka kanggé sedhiya-sedhiya anggènipun para Muslimin badhé ngiguhaken prakawising praja ingkang wigatos-wigatos tuwin salwiring prakawis ingkang magepokan kaliyan begja cilakaning umat. Menggah ing sajatos-jatosipun tembung *amr* ingkang kula jarwani *papréntahan*, punika tegesipun *paréntah*; tembung *amrullâh*, ingkang tegesipun *paréntahé Allah*, punika asring mengku teges jumenenging karatonipun Pangéran, ingkang tegesipun karatoning Islam. Awit saking punika dados tembung *amr* ingkang kagem wonten ngriki punika mengku teges karatoning Islam, ingkang iguhing prakawisipun kedah katindakaken mawi pirembaganipun wakiling rakyat (majlis syura). Dhawuh punika ateges bilih para Muslimin badhé kaparéntah sarana majlis syura, awit para Muslimin kadhawuhan bilih sabarang ingkang kaanggep paréntah, punika kedah prakawis ingkang sampun kaputus majlis syura wau. Kalayan tatanan punika, agami Islam masang tatalesing papréntahan mawi parlemén, sarta nalika jamanipun Khalifah sakawan, papréntahan mawi parlemén wau sampun katindakaken. Saben wonten prakawis ingkang wigatos, Khalifah andhawuhaken supados dipun rembag wonten majlis syura. Anggumunaken sanget manawi papréntahan mawi parlemén wau ing sapunika dipun anggep bangsa Éropah prakawis ingkang anyar babar pisan tumrap Islam sarta boten cocog tumrap titiyang Muslimin.

2231. Tembung *intashara* punika manawi bawa piyambak ateges *rumeksa diri lumawan tiyang ingkang ambek sia dhateng piyambakipun* (TA-LL). Manawi dipun sambeti ing *min*, ateges *males*. Teges ingkang angka satunggal wau ingkang cocog dipun anggé wonten ing ngriki, awit ing ngriki boten kasambetan *min*.

Ar. *piala*

40 Lan wawalesing piala iku *pidana* satimbangé, ananging sapa sing angapura sarta ambecikaké tindaké, pituwasé bakal olèh saka ing Allah; sayekti Panjenengané iku ora tresna marang wong-wong kang atindak dudu.[2232]

وَجَزٰٓؤُا سَيِّئَةٍ سَيِّئَةٌ مِّثْلُهَا ۚ فَمَنْ عَفَا وَأَصْلَحَ فَأَجْرُهُ عَلَى اللّٰهِ ۗ إِنَّهُ لَا يُحِبُّ الظّٰلِمِينَ ﴿٤٠﴾

41 Lan sapa-sapa sing lumawan-ambélani-dhiri sawisé kinaniaya, yaiki wong kang ora ana dalané (kanggo nacad).

وَلَمَنِ انْتَصَرَ بَعْدَ ظُلْمِهِ فَأُولٰٓئِكَ مَا عَلَيْهِمْ مِّنْ سَبِيلٍ ﴿٤١﴾

42 Dalan (kanggo nacad) iku mung tumuju marang para kang padha anganiaya para manusa sarta padha mirong ana ing bumi kalawan ora bener; iki bakal padha olèh siksa kang anglarani.

إِنَّمَا السَّبِيلُ عَلَى الَّذِينَ يَظْلِمُونَ النَّاسَ وَيَبْغُونَ فِي الْأَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ ۚ أُولٰٓئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٤٢﴾

43 Lan sapa-sapa sing ambek sabar lan ambek ngapura, sayekti iki éwoné prakara-prakara kang panindaké kudu ditetapaké.

وَلَمَنْ صَبَرَ وَغَفَرَ إِنَّ ذٰلِكَ لَمِنْ عَزْمِ الْأُمُورِ ﴿٤٣﴾

RUKU' 5

Wahyuning Pangéran punika nuntun dhateng leres

44-47. Awoning kawontenanipun para tiyang ingkang atindak dédé. 48. Manusa anggènipun boten sumerep ing panarimah. 49, 50. Allah punika ingkang andadosaken

2232. Tatanan adiluhung bab ngapunten ing awon kadhawuhaken wonten ing dhawuh punika. Tatanan wau netepaken: awon punika kedah kawales mawi pidana samurwat kaliyan awon wau. Ing ngriki dipun pèngetana, pidana ingkang katandukaken dhateng awon punika winastan *sayyiah*, jawinipun *awon*; mila makaten awit tiyang Arab punika manawi mastani piwalesipun awon, punika mawi tembung wastanipun awon wau (mirsanana 27). Dipun pèngetana ugi pidana wau kedah samurwat kaliyan awonipun. Pranyata punika wawates ingkang adil tuwin saleres-leresipun sarta piwulang ingkang adi-éndah punika, ingkang medharaken satunggaling tiyang, ingkang umatipun gadhah pangadatan mejahi tiyang sapancer ngantos tumpes sadaya, namung sabab salah satunggaling warganipun pancer wau atindak lepat ingkang sapélé sanget. Sapisan malih kula aturaken "apura" boten kok dipun singkur, lan inggih boten teka kawejangaken sacara muluk lan adakik-dakik, ngantos boten saged tumindhak. Ing Islam boten wonten piwulang ingkang langkung ing wates, kados déné *untu winales untu*, sarta inggih boten wonten piwulang kosok wangsulipun punika, inggih punika *ngulungaken pipi ingkang kiwa ing sasampunipun pipi ingkang tengen dipun tapuki*, utawi *nyukakaken rasukan dhateng tiyang ingkang sampun ngrebat kotanging* sadhèrèkipun. Ngapunten, punika pancèn sarana ingkang adiluhung saha adi-éndah temenan, manawi apunten wau saged ngleresaken prakawis tuwin saged mahanani saé tumrap tiyangipun ingkang atindak lepat. Sedya ingkang kedah tansah kaèsthi, inggih punika nyaékaken, sami ugi punapa sarana nandukaken pidana samurwatipun, punapa sarana ngapunten; waton sedya wau saged kagayuh.

tangkar-tumangkar. 51. Wewedhar sabda punika kados pundi anggènipun maringaken. 52, 53. Quran punika papadhang.

a. 44 Ar. *sawisé*

44 Lan sapa sing digawé sasar déning Allah,[a] lah ora duwé pangayoman ing *saliyané* Panjenengané; lan sira bakal andeleng para wong kang atindak dudu nalikané padha andeleng siksa padha calathu: Apa ana dalané bali?

وَمَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَمَا لَهٗ مِنْ وَّلِيٍّ
مِّنْۢ بَعْدِهٖ ؕ وَتَرَى الظّٰلِمِيْنَ لَمَّا
رَاَوُا الْعَذَابَ يَقُوْلُوْنَ هَلْ اِلٰى
مَرَدٍّ مِّنْ سَبِيْلٍ ۚ﴿۴۴﴾

45 Lan sira bakal andeleng dhèwèké padha diajokaké mrono kalawan padha amarikelu amarga saka anggoné asor, padha andeleng kalawan pandeleng kang miris.[2233] Lan para kang padha angèstu acalathu: Sayekti wong kang kapitunan iku para kang padha amitunani awaké dhéwé sarta ahliné ing dina kiyamat. O, sayekti, wong kang atindak dudu iku bakal dumunung ana ing siksa kang tetep.

وَتَرٰىهُمْ يُعْرَضُوْنَ عَلَيْهَا خٰشِعِيْنَ
مِنَ الذُّلِّ يَنْظُرُوْنَ مِنْ طَرْفٍ خَفِيٍّ ؕ
وَقَالَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْۤا اِنَّ الْخٰسِرِيْنَ
الَّذِيْنَ خَسِرُوْۤا اَنْفُسَهُمْ وَاَهْلِيْهِمْ
يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ؕ اَلَاۤ اِنَّ الظّٰلِمِيْنَ فِيْ
عَذَابٍ مُّقِيْمٍ ﴿۴۵﴾

46 Lan dhèwèké ora bakal duwé mitra kang padha mitulungi awaké saliyané Allah; lan sapa sing digawé sasar déning Allah, iku ora bakal padha olèh dalan.

وَمَا كَانَ لَهُمْ مِّنْ اَوْلِيَآءَ يَنْصُرُوْنَهُمْ
مِّنْ دُوْنِ اللّٰهِ ؕ وَمَنْ يُّضْلِلِ اللّٰهُ فَمَا
لَهٗ مِنْ سَبِيْلٍ ۚ﴿۴۶﴾

47 Padha nyandikanana marang Pangéranira ing sadurungé tekané dina saka ing Allah kang ora ana panulaké; ing dina iku sira ora bakal olèh pangungsèn sarta ora bakal sira bisa anyélaki.

اِسْتَجِيْبُوْا لِرَبِّكُمْ مِّنْ قَبْلِ اَنْ يَّاْتِيَ
يَوْمٌ لَّا مَرَدَّ لَهٗ مِنَ اللّٰهِ ؕ مَا لَكُمْ
مِّنْ مَّلْجَاٍ يَّوْمَئِذٍ وَّمَا لَكُمْ مِّنْ نَّكِيْرٍ ﴿۴۷﴾

48 Ananging manawa dhèwèké padha maléngos, lah anggon-Ingsun angutus sira iku ora kok supaya dadi panjaga marang dhèwèké; sasangganira iku mung anekakaké (ayahan); lan sayekti,

فَاِنْ اَعْرَضُوْا فَمَاۤ اَرْسَلْنٰكَ عَلَيْهِمْ
حَفِيْظًا ؕ اِنْ عَلَيْكَ اِلَّا الْبَلٰغُ ؕ وَاِنَّاۤ

2233. Dipun pèngetana, marambah-rambah kasebutaken bilih asor punika panunggilanipun siksa naraka.

إِذَآ أَذَقْنَا الْإِنسَانَ مِنَّا رَحْمَةً فَرِحَ
بِهَا ۚ وَإِن تُصِبْهُمْ سَيِّئَةٌ بِمَا قَدَّمَتْ
أَيْدِيهِمْ فَإِنَّ الْإِنسَانَ كَفُورٌ ﴿٤٨﴾

manusa iku, samangsa Ingsun icipaké wilasa-Ningsun, ambungahi marang (wilasa-Ningsun) iku; lan manawa cilaka angenani awaké amarga saka panggawéning tangané kang uwis-uwis, sayekti manusa banjur ora duwé panarima.

لِّلَّهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ ۚ يَخْلُقُ
مَا يَشَآءُ ۚ يَهَبُ لِمَن يَشَآءُ إِنَاثًا
وَيَهَبُ لِمَن يَشَآءُ الذُّكُورَ ﴿٤٩﴾

49 Kagunganing Allah karatoning langit-langit lan bumi iku; Panjenengané anitahaké apa sakarsa-Né, Panjenengané aparing *anak* wadon marang sapa sing dadi karsa-Né sarta aparing *anak* lanang marang sapa sing dadi karsa-Né.

Ar. *wong*

Ar. *wong*

أَوْ يُزَوِّجُهُمْ ذُكْرَانًا وَإِنَاثًا ۖ وَ
يَجْعَلُ مَن يَشَآءُ عَقِيمًا ۚ إِنَّهُ
عَلِيمٌ قَدِيرٌ ﴿٥٠﴾

50 Utawa Panjenengané andadèkaké dhèwèké rong warna, lanang lan wadon; sarta Panjenengané andadèkaké gabug marang sapa sing dadi karsa-Né; sayekti Panjenengané iku Ingkang-Nguningani, Ingkang-Kawasa.[2234]

وَمَا كَانَ لِبَشَرٍ أَن يُكَلِّمَهُ اللَّهُ إِلَّا
وَحْيًا أَوْ مِن وَرَآئِ حِجَابٍ أَوْ يُرْسِلَ
رَسُولًا فَيُوحِيَ بِإِذْنِهِ مَا يَشَآءُ ۚ إِنَّهُ
عَلِيٌّ حَكِيمٌ ﴿٥١﴾

51 Lan tumrap sawijining manusa, ora pisan kok Allah iku ngandika marang dhèwèké, kajaba kalawan *wahyu*, utawa saka saburirining warana, utawa kalawan angutus sawijining utusan banjur amedharaké kalawan idiné Panjenengané apa kang dadi karsa-Né;[2235] sayekti Panjenengané iku Luhur, Wicaksana.

Ut. *wewedhar*

2234. Gadhah anak medal èstri punika bangsa Arab kaanggep kecilakan. Déné wontenipun kados makaten wau margi ing babrayan Arab tiyang èstri punika dipun anggep asor sanget. Éwah-éwahan ingkang anggawokaken, ingkang dipun wontenaken agami Islam tumrap lenggahipun wanita, kalayan terang dipun cacalani, wonten ing dhawuh ingkang tumurun ing Makkah nalika jaman wiwitan punika. Ing ngriki anak èstri dhawah ngajeng; dados anak èstri kasebutaken langkung rumiyin katimbang anak jaler, punika kalayan terang mengku maksud ingkang anedahaken, bilih anak èstri punika boten prabéda lan anak jaler, sami nugrahaning Pangéran ingkang ageng; manawi boten malah langkung ageng. Punika kula aturi nandhing kaliyan kawontenan ing tanah Arab sadèrèngipun Kanjeng Nabi Suci: "Lan nalika dhèwèké salah siji diwenèhi pawarta bubungah arupa lahiré anak wadon, rainé peteng sarta dhèwèké kebak anawung bendu. Andhelik sumingkir saka wong-wong, amarga barang bubungah kang diwartakaké kang awujud ala iku. Apa ta iki arep dilastarékaké kalawan nandhang ina, apa ta arep dipendhem ing lemah urip-uripan?" (16: 58, 59).

2235. Ayat punika anedahaken kados pundi caranipun manawi Gusti Allah ngandika dhateng

Ut. *amah-yokaké*

Ar. *lan ora (weruh)*

52 Lan iya kaya mangkéné iki[2236] anggon Ingsun *amedharaké* Kitab-winahyu marang sira saka paréntah-Ingsun.[2236A] Mauné sira ora weruh Kitab iku apa, *mangkono uga* iman, ananging iku Ingsun dadèkaké papadhang, Ingsun agem nuntun para kawula-Ningsun endi kang dadi kapareng-Ingsun; lan sayekti sira iku anuntun marang dalan kang bener:

وَكَذَٰلِكَ أَوْحَيْنَآ إِلَيْكَ رُوحًا مِّنْ
أَمْرِنَا ۚ مَا كُنتَ تَدْرِى مَا ٱلْكِتَٰبُ
وَلَا ٱلْإِيمَٰنُ وَلَٰكِن جَعَلْنَٰهُ نُورًا
نَّهْدِى بِهِۦ مَن نَّشَآءُ مِنْ عِبَادِنَا ۚ وَ
إِنَّكَ لَتَهْدِىٓ إِلَىٰ صِرَٰطٍ مُّسْتَقِيمٍ ﴿٥٢﴾

---

satunggaling tiyang utawi amedharaken keparenging karsa-Nipun dhateng tiyang wau. Kasebutaken warni tiga caranipun (1) Sarana *wahyu*; limrahipun ing basa Jawi dipun lugokaken tembungipun, inggih punika *wahyu* (manawi perlu dipun jarwakaken malih: *wewedhar*). Nanging tegesipun ingkang sakawit tembung wahyu punika الاشارة السريعة *isarah ingkang rikat* (Rgh), sarta rèhning ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika warni-warnining wahyu, mila teges ingkang dipun karsakaken punika mesthi inggih tegesipun tembung ingkang sakawit wau. Dados, sabda ingkang dipun *ilhamaken* (murih gampilipun kula jarwani *dipun wisikaken*) dhateng manahipun para nabi tuwin para tiyang tulus, punika kasebut *wahyu* (*wahyu* utawi *wewedhar*), awit tumandhukipun sabda wau kados déné isarah ingkang rikat, ingkang kawisikaken terus dhateng manahipun tiyang ingkang tampi wewedhar wau (Rgh: القاء فى الروع). Lah inggih manut teges punika, wahyu ingkang dipun pangandikakaken wonten ing Quran kaparingaken dhateng ingkang ibu Kanjeng Nabi Musa (28: 7), tuwin dhateng para sahabatipun Kanjeng Nabi 'Isa 15: 111), jer sadaya wau sanès nabi. Luyut, kénging kaèwokaken wewedhar punika. (2) Cara ingkang angka kalih manawi Gusti Allah ngandika dhateng kawula-Nipun, inggih punika ngandika saking sawingkinging warana, liripun sabda saged kapireng tiyang ingkang dipun ajak imbalwacana kadi déné saking sawingkinging aling-aling. Suwantenipun kapireng, nanging ingkang nyuwanten boten katingal ing mripat. (3) Wedharing sabda ingkang angka tiga, inggih punika Pangéran Ingkang Mahaluhur miji satunggaling utusan – malaikat – ingandikakaken ngimbalaken dhawuh dhateng tiyang ingkang dipun karsakaken Pangéran tampi pangandika. Lah punika wewedhar utawi wahyu ingkang peng-pengan piyambak tuwin ingkang cetha piyambak, lan inggih kados makaten punika tumuruning wahyu Quran dhateng Kanjeng Nabi Suci punika, inggih punika kawaosaken malaikat Jibril. Wahyu punika winastan وحى متلو jawinipun *wahyu kang winaca*. Wahyu makaten punika ngemungaken kaparingaken dhateng para andika nabi, déné wahyu sanèsipun, ingkang kalih warni wau, ugi saged dipun paringaken dhateng para titiyang tulus ingkang boten kajumenengaken nabi. Nanging dipun èngetana bilih tumrap sadaya wau, tiyang ingkang tampi wahyu pinaringan sawenèh indriya sanès. Piyambakipun saged nyumerepi barang ingkang tiyang sanès boten sumerep, sarta saged mirengaken dhawuh ingkang tiyang sanès boten saged mireng. Dados, anggènipun mirengaken, ningali tuwin ngraosaken barang-barang ingkang tiyang sanès boten saged mireng, ningali utawi ngraosaken wau, mawi indriya ingkang kénging winastan indriya ruhani.

2236. *Kaya mangkono* punika ingkang dipun karsakaken tumuruning wahyu ingkang angka tiga kasebut nginggil, awit kapangandikakaken marambah-rambah Quran Suci punika kaampil ruh pinitados utawi malaikat Jibril (2: 97; 26: 193).

2236A. Tembung *rûh* dipun pigunakaken kalayan mengku teges *ilham* utawi *wahyu* (*wangsit* utawi *wewedhar*) punika sampun gumathok wontenipun dhawuh punika. Ruh ing ngriki Quran. Kula aturi nocogaken kaliyan 17: 85, tuwin wontenipun dhawuh *amri rabbi* (kalawan paréntahé Pangéranku) ing ngriku saha *amrina* (kalayan paréntah-Ingsun) ing ngriki, lah lajeng sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih *rûh* ing 17: 85 punika tegesipun Quran.

Ar. *kagu-ngan-E*	53 Dalaning Allah, Kang *kagungan* sabarang kang ana ing langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi; O, sayekti marang Allah wekasaning paraning sabarang prakara.	صِرَاطِ اللّٰهِ الَّذِىْ لَهٗ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ ۗ اَلَآ اِلَى اللّٰهِ تَصِيْرُ الْاُمُوْرُ ۝٥٣

آياتها ٨٩ (٤٣) سُورَةُ الزُّخْرُفِ مَكِّيَّةٌ رُكُوعَاتُهَا ٧

SURAT 43

AZ-ZUKHRUF

(*Papaès*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*7 ruku', 89 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Mahatunggalipun Allah.
Ruku' 2. Manembah-pangéran-kathah dipun lepataken.
Ruku' 3. Pamilihipun Allah dhateng nabi.
Ruku' 4. Sarana kanggé anggayuh kaluhuran.
Ruku' 5. Panglawanipun raja Fir'aun dhateng Kanjeng Nabi Musa.
Ruku' 6. Lenggahipun Kanjeng Nabi 'Isa dados nabi.
Ruku' 7. Papanthan kalih.

Namanipun

"Az-Zukhruf" utawi "Papaès" punika surat ingkang sakawan tumrap golongan *Hâmîm*, sarta kanamakaken makaten punika mirid saking *zukhruf* ingkang kasebutaken ing ayat 35, ing ngriku katerangaken bilih *papaèsipun* gesang ingkang asor, punika asring nebihaken manusa saking yakti. Babipun ingkang karembag tuwin titimangsanipun nalika katurunaken, sampun karembag wonten ing katerangan ingkang mangka purwakaning surat 40.

Ingkang kawarsitakaken

Boten prabéda lan sadaya surat ing dalem golongan punika, surat punika dipun wiwiti kalayan bayawara bilih Quran punika wahyu saking ngarsanipun Pangéran Ingkang-Mahaluhur. Salajengipun lajeng anerangakaken bilih nadyan titiyang Arab punika sami "luluwihan", éwadéné piyambakipun meksa kaparingan juru-pèpènget. Kasawijènipun Pangéran lajeng kaundhangakaken, awit sedyanipun ingkang baku piyambak wahyuning Pangéran punika badhé anjumenengaken Kasawijènipun Pangéran wau. Ruku' ingkang kaping kalih kamligèkaken kanggé nglepataken sawarnining kamusyrikan. Ruku' ingkang kaping tiga kawiwitan kalayan nyebutaken Kanjeng Nabi Ibrahim, ingkang para wayahipun kathah ingkang kapilih déning Pangéran, sarta sasampunipun nyebutaken bab angemohi Kanjeng Nabi, lajeng maringi wangsulan dhateng panyédha, punapa déné boten tiyang ingkang ageng pangaruhipun ingkang pinilih ngampil ayahaning Pangéran. Ruku' ingkang kaping sakawan nerangaken bilih Quran badhé adamel umat anggayuh ing kaluhuran, awit saking punika para titiyang ingkang margi dipun sasaraken mitra-mitranipun awon lajeng angemohi Quran, mesthi badhé kaduwung dhateng tindakipun. Ruku' ingkang kaping gangsal nerangaken bilih nadyan ratu binathara kados déné raja Fir'aun inggih dipun lebur sareng piyambakipun milawani ing Kanjeng Nabi Musa. Ruku' ingkang kaping nem nyebutaken kanabianipun Kanjeng Nabi 'Isa tuwin panyédhanipun para manembah brahala; para titiyang punika dipun pangandikani bilih Kanjeng Nabi 'Isa punika boten langkung kajawi nabi blaka, kalenggahanipun boten kénging dipun anggé ngleresaken anggènipun sami manembah brahala. Ruku' ingkang wekasan nandhing nasib ingkang kasandhang papanthan kalih, para angèstu lan para kafir.

RUKU' 1

Mahatunggalipun Allah

1-4. Quran basa Arab. 5. Pèpènget punika boten badhé boten kaparingaken dhateng bangsa ingkang mlangkah wates. 6-8. Bangsa-bangsa ing kina sami anggugujeng para nabinipun sarta sami dipun lebur. 9-15. Mahatunggalipun Pangéran katitik saking titah-Ipun sarta nugrahanipun dhateng manusa.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang Mahaasih

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Allah Ingkang-Ingalembana,
a. 2171 Ingkang-Minulya.[a]

حٰمٓ ۚ ①

b. 2099 2 Waspadakna[b] Kitab kang agawé terang iku:

وَالْكِتٰبِ الْمُبِيْنِ ۙ ②

3 Sayekti, iku Ingsun dadèkaké Quran basa Arab, supaya sira padha mangerti.

إِنَّا جَعَلْنٰهُ قُرْءٰنًا عَرَبِيًّا لَّعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ۚ ③

4 Sayekti, iku ana ing sajroné aslining Kitab ing ngarsa-Ningsun, satuhu luhur, kebak kawicaksanan.[2237]

وَإِنَّهٗ فِيْٓ أُمِّ الْكِتٰبِ لَدَيْنَا لَعَلِيٌّ حَكِيْمٌ ۗ ④

5 Lah apa ta Ingsun babar pisan
Ut. *ange-* *ora* bakal *amaringi pépéling*
dohaké ka- *marang* sira ing sarèhning sira iku
mulyan saha bangsa kang mlangkah wates?[2238]

أَفَنَضْرِبُ عَنْكُمُ الذِّكْرَ صَفْحًا أَنْ كُنْتُمْ قَوْمًا مُّسْرِفِيْنَ ⑤

2237. *Ummu-l-kitâb* punika wantahipun ateges baboning Kitab. Surat ingkang mangka bubukaning Quran (surat Fatihah) ugi dipun namakaken makaten punika, jalaran surat Fatihah wau ngemot pathining Quran ing sagemblengipun. Nanging tumrap wonten ing ngriki, tembung wau ateges tukipun Quran ingkang asli; déné suraosipun, Quran punika boten saged dipun sirnakaken, awit Quran wau maujud wonten ing dalem Mahawikanipun Pangéran. Menggah ing sajatos-jatosipun, dhawuh punika mengku piweca, ingkang anggènipun angundhangaken duk nalikanipun Kanjeng Nabi taksih piyambakan tuwin apes. Piweca wau inggih punika amecakaken bilih Quran mesthi badhé dipun luhuraken wonten ing jagad, inggih margi saking anggènipun pinayungan ing mahawikanipun Pangéran wau. Katranganipun sanès dhawuh punika, inggih punika mengku suraos nyebutaken wontenipun piweca-piweca ingkang terang bab badhé rawuhipun Kanjeng Nabi Suci kados déné ingkang kasebut ing Bébel. Minangka conto kadosta piweca ingkang kasebut ing Pangandharing Toret 18: 15-18, ingkang medharaken piweca ingkang namung mathuk manawi kacundhukaken kaliyan rawuhipun Kanjeng Nabi Suci.

2238. Tembung *dhikr* ing ngriki kénging dipun tegesi *juru-pèpènget* utawi *kaluhuran*. Manawi dipun tegesi *juru-pèpènget*, mengku suraos bilih Gusti Allah boten badhé angèndeli anggènipun maringi susulang dhateng kaum ingkang nglangkungi wates; déné manawi dipun tegesi *kaluhuran*, mengku suraos Panjenenganipun karsa badhé ngangkat ing ngaluhur kaum ingkang anggènipun "nglangkungi wates," ngantos kados déné boten kénging dipun dandosi malih.

Ar. *ing*

6 Lan wis pira baé nabi kang Ingsun utus *marang* bangsa kang dhisik-dhisik.

وَكَمْ أَرْسَلْنَا مِن نَّبِيٍّ فِي الْأَوَّلِينَ ٦

7 Lan ora kena ora nabi kang nekani dhèwèké masthi diguguyu.

وَمَا يَأْتِيهِم مِّن نَّبِيٍّ إِلَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ٧

Ut. *kupiyané*
Ut. *wis kalakon*

8 Banjur wis Ingsun lebur (bangsa) kang ngungkuli iki kakuwatané, lan *lalakoné* bangsa kuna-kuna iku *makolèhi*.[2239]

فَأَهْلَكْنَا أَشَدَّ مِنْهُم بَطْشًا وَمَضَىٰ مَثَلُ الْأَوَّلِينَ ٨

9 Lan manawa dhèwèké padha sira takoni: Sapa sing nitahaké langit-langit lan bumi, amasthi bakal padha calathu: Kang nitahaké iku Ingkang-Kawasa, Ingkang-Ngudanèni.

وَلَئِن سَأَلْتَهُم مَّنْ خَلَقَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ لَيَقُولُنَّ خَلَقَهُنَّ الْعَزِيزُ الْعَلِيمُ ٩

10 Kang andadèkaké bumi dadi palèrènan tumrap marang sira sarta andadèkaké dalan-dalan ana ing kono tumrap marang sira, supaya sira padha ngambah dalan bener:

الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ الْأَرْضَ مَهْدًا وَجَعَلَ لَكُمْ فِيهَا سُبُلًا لَّعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ ١٠

11 Sarta Kang anurunaké banyu saka mendhung kalawan taker; tumuli iku Ingsun anggo anguripaké tanah kang mati; iya kaya mangkono anggonira bakal diwetokaké:[2240]

وَالَّذِي نَزَّلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً بِقَدَرٍ فَأَنشَرْنَا بِهِ بَلْدَةً مَّيْتًا ۚ كَذَٰلِكَ تُخْرَجُونَ ١١

12 Lan Kang anitahaké samubarang jodhon-jodhon, lan andadèkaké tumrap marang sira prau sarta rajakaya kang padha sira tunggangi,

وَالَّذِي خَلَقَ الْأَزْوَاجَ كُلَّهَا وَجَعَلَ لَكُم مِّنَ الْفُلْكِ وَالْأَنْعَامِ مَا تَرْكَبُونَ ١٢

2239. مضى القول tegesipun *pangucap iku makolèhi* (LL) Tegesipun ingkang limrah kaserat wonten ing margin.

2240. Dhawuh punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng angger-angger ingkang tumindhak wonten ing ngalam wadhag, kanggé anedahaken bilih ing ngalam ruhani inggih ambetahaken angger-angger ingkang kados makaten wau ugi. Jawah ingkang tumurun saking langit anggesangaken bumi ingkang pejah; makaten ugi wahyuning Pangéran, inggih badhé anggesangaken bangsa Arab ingkang klelep wonten ing dalem kabodhoan tuwin gugon-tuhon, ingkang menggah ing ruhani, budi-pakarti tuwin akal-budinipun dados bangsa ingkang pejah.

13 Supaya sira jejeg ana ing gegeré, banjur padha angéling-éling nugrahaning Pangéranira nalikané sira wus padha jejeg lungguh ing dhuwuré karo munjuk: Mahasuci Ingkang ambangun turutaken punika dhateng kawula sarta makaten punika kawula sami boten saged,

لِتَسْتَوُا عَلَىٰ ظُهُورِهِ ثُمَّ تَذْكُرُوا نِعْمَةَ رَبِّكُمْ إِذَا اسْتَوَيْتُمْ عَلَيْهِ وَتَقُولُوا سُبْحَانَ الَّذِي سَخَّرَ لَنَا هَٰذَا وَمَا كُنَّا لَهُ مُقْرِنِينَ ﴿١٣﴾

14 Sarta saèstu, dhateng Pangéran kawula kedahipun wangsul kawula.

وَإِنَّا إِلَىٰ رَبِّنَا لَمُنْقَلِبُونَ ﴿١٤﴾

15 Lan dhèwèké padha nganggep, sawenèhing para kawula-Né dadi pérangan tumrap Panjenengané; temen manusa iku yekti tétéla ora atur panuwun.

وَجَعَلُوا لَهُ مِنْ عِبَادِهِ جُزْءًا ۚ إِنَّ الْإِنْسَانَ لَكَفُورٌ مُبِينٌ ﴿١٥﴾

RUKU' 2

Manembah pangéran kathah dipun lepataken

16-19. Sami nganggep bilih Allah aputra èstri. 20-23. Sami naluri luluhuripun. 24, 25. Pandumipun para ingkang sami angemohi kasunyatan.

16 Kapriyé, apa Panjenengané mundhut putra wadon saka apa kang tinitahaké, sarta amilih sira
a. 1376 duwé anak lanang?[a]

أَمِ اتَّخَذَ مِمَّا يَخْلُقُ بَنَاتٍ وَأَصْفَاكُمْ بِالْبَنِينَ ﴿١٦﴾

17 Lan samangsa salah sawijiné diwartani bubungah kalawan barang kang digambar-gambaraké tumrap marang Ingkang-Mahamurah, rainé dadi ireng sarta dhèwèké muring-muring.

وَإِذَا بُشِّرَ أَحَدُهُمْ بِمَا ضَرَبَ لِلرَّحْمَٰنِ مَثَلًا ظَلَّ وَجْهُهُ مُسْوَدًّا وَهُوَ كَظِيمٌ ﴿١٧﴾

18 Apa ta kang pinalut ing papaès sarta kang ana ing sajroning padudon ora bisa agawé terang![2241]

أَوَمَنْ يُنَشَّأُ فِي الْحِلْيَةِ وَهُوَ فِي الْخِصَامِ غَيْرُ مُبِينٍ ﴿١٨﴾

2241. Ingkang dipun karsakaken ing ayat punika brahala-brahala, ingkang sami dipun rengga-rengga mawi papaès. Brahala-brahala boten saged wicantenan punika dipun anggé bukti dening Kanjeng Nabi Ibrahim kanggé anggorohaken kapangérananipun brahala brahala wau (21: 63), sarta brahala-brahala boten saged mangsuli panyuwunipun para ingkang nembah, punika inggih dipun anggé bukti anggorohaken kapangérananipun pedhèt mas (20: 89).

Ar. *kang dhèwèké iku*

19 Lan dhèwèké padha nganggep, para malaikat – *mangka iki* para kawulané Ingkang-Mahamurah – iku dadi (sesembahan) wadon. Apa dhèwèké iku padha anaksèni tumitahé? Pasaksiné bakal tinulisan sarta dhèwèké bakal padha didangu.

وَجَعَلُوا الْمَلٰٓئِكَةَ الَّذِيْنَ هُمْ عِبٰدُ
الرَّحْمٰنِ اِنَاثًا ۗ اَشَهِدُوْا خَلْقَهُمْ ۗ
سَتُكْتَبُ شَهَادَتُهُمْ وَيُسْـَٔلُوْنَ ﴿١٩﴾

20 Lan padha calathu: Manawa Ingkang-Mahamurah angarsakna, amasthi aku ora bakal padha manembah marang dhèwèké. Marang iki dhèwèké ora dhuwé kawruh; dhèwèké iku mung padha goroh baé.

وَقَالُوْا لَوْ شَآءَ الرَّحْمٰنُ مَا عَبَدْنٰهُمْ ۗ
مَا لَهُمْ بِذٰلِكَ مِنْ عِلْمٍ ۚ اِنْ هُمْ
اِلَّا يَخْرُصُوْنَ ﴿٢٠﴾ۗ

21 Utawa, apa ing sadurungé iki Ingsun wus maringi Kitab, kang banjur padha dianggo gogondhèlan?

اَمْ اٰتَيْنٰهُمْ كِتٰبًا مِّنْ قَبْلِهٖ فَهُمْ
بِهٖ مُسْتَمْسِكُوْنَ ﴿٢١﴾

Ar. *aku nemu*
Ut. *nglung-guhi...*
agama
Ut. *ngluluri*

22 O, ora! Calathuné: Sayekti, *sing dak temu*, luluhurku iku padha *netepi* sawijining *laku*, lan sayekti aku iki katuntun *ngambah tapak tilasé.*

بَلْ قَالُوْٓا اِنَّا وَجَدْنَآ اٰبَآءَنَا عَلٰٓى
اُمَّةٍ وَّاِنَّا عَلٰٓى اٰثٰرِهِمْ مُّهْتَدُوْنَ ﴿٢٢﴾

23 Lan iya kaya mangkono iku; ing sadurungira, saben Ingsun angutus juru-pépéling ing sawijining nagara, ora kena ora masthi wongé kang padha kapénak uripé acalathu: Sayekti, sing daktemu, luluhurku iku padha netepi sawijining laku, lan sayekti aku iki kang padha manut tapak tilasé.

وَكَذٰلِكَ مَآ اَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ فِيْ
قَرْيَةٍ مِّنْ نَّذِيْرٍ اِلَّا قَالَ مُتْرَفُوْهَآ ۙ
اِنَّا وَجَدْنَآ اٰبَآءَنَا عَلٰٓى اُمَّةٍ وَّاِنَّا
عَلٰٓى اٰثٰرِهِمْ مُّقْتَدُوْنَ ﴿٢٣﴾

24 (Juru-pépéling iku) acalathu: Apa ta sanajan tekaku marang kowé kalawan anggawa pituduh kang luwih becik tinimbang apa kang kotemu ditetepi luluhurmu? Calathuné: Sayekti aku iki marang barang gagawanmu kautus padha angafiri.

قٰلَ اَوَلَوْ جِئْتُكُمْ بِاَهْدٰى مِمَّا وَجَدْتُّمْ
عَلَيْهِ اٰبَآءَكُمْ ۗ قَالُوْٓا اِنَّا بِمَآ اُرْسِلْتُمْ
بِهٖ كٰفِرُوْنَ ﴿٢٤﴾

25 Mulané Ingsun anibakaké pidana marang dhèwèké; lah delengen, kapriyé wusanané wong kang padha anggorohaké.

فَانْتَقَمْنَا مِنْهُمْ فَانْظُرْ كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الْمُكَذِّبِينَ ﴿٢٥﴾

RUKU' 3

Pamilihipun Allah dhateng Nabi

26-28. Wasitanipun Kanjeng Nabi Ibrahim. 29, 30. Angemohi dhateng Kanjeng Nabi. 31-35. Punapa sababipun déné pilihan boten dhumawah dhateng salah satunggalipun panuntun ingkang sampun misuwur.

26 Lan nalikané Ibrahim acalathu marang pinituwané sarta kaumé: Saèstu kawula punika wisuh saking barang ingkang sampéyan sembah,

وَإِذْ قَالَ إِبْرَاهِيمُ لِأَبِيهِ وَقَوْمِهِ إِنَّنِي بَرَاءٌ مِمَّا تَعْبُدُونَ ﴿٢٦﴾

27 Angemungaken Ingkang anitahaken kula, awit saèstu Panjenenganipun badhé nuntun kula.

إِلَّا الَّذِي فَطَرَنِي فَإِنَّهُ سَيَهْدِينِ ﴿٢٧﴾

28 Lan iku didadèkaké kalimah pinrih lestari ana ing tedhak-turuné,
Ar. *dhèwèké* supaya *iki* padha balia,[2242]

وَجَعَلَهَا كَلِمَةً بَاقِيَةً فِي عَقِبِهِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿٢٨﴾

29 O, balik dhèwèké iku karo luluhuré wis padha Ingsun paringi kabungahan nganti kasunyatan lan Utusan kang nerangaké (kasunyatan iku) tumeka marang dhèwèké.

بَلْ مَتَّعْتُ هَٰؤُلَاءِ وَآبَاءَهُمْ حَتَّىٰ جَاءَهُمُ الْحَقُّ وَرَسُولٌ مُبِينٌ ﴿٢٩﴾

30 Lan bareng kasunyatan iku tumeka marang dhèwèké, padha calathu: Iki kemayan, lan sayekti aku iki wong kang angafiri marang iku.

وَلَمَّا جَاءَهُمُ الْحَقُّ قَالُوا هَٰذَا سِحْرٌ وَإِنَّا بِهِ كَافِرُونَ ﴿٣٠﴾

31 Sarta padha calathu: Yagéné Quran iki ora diturunaké marang wong agungé nagara loro?[2243]

وَقَالُوا لَوْلَا نُزِّلَ هَٰذَا الْقُرْآنُ عَلَىٰ رَجُلٍ مِنَ الْقَرْيَتَيْنِ عَظِيمٍ ﴿٣١﴾

2242. Punika anedahaken bilih bangsa Arab gadhah cacriyosan gethok-tular turun-tumurun, bilih Kanjeng Nabi Ibrahim, luluhuripun, punika mulangaken Tauhid (mangéran satunggal).

2243. Kitha kakalih punika ingkang dipun kajengaken kitha Makkah lan kitha Thaif (Bd). Para titiyang wau boten sami purun manut dhateng sintena kémawon sanèsipun tiyang donya ingkang wigatos. Piyambakipun puran-purun kémawon sujud dhateng tiyang bangsa donya, nanging suthik

أَهُمْ يَقْسِمُونَ رَحْمَتَ رَبِّكَ ۚ نَحْنُ
قَسَمْنَا بَيْنَهُمْ مَّعِيشَتَهُمْ فِي الْحَيٰوةِ
الدُّنْيَا وَرَفَعْنَا بَعْضَهُمْ فَوْقَ بَعْضٍ
دَرَجٰتٍ لِّيَتَّخِذَ بَعْضُهُمْ بَعْضًا سُخْرِيًّا ۗ
وَرَحْمَتُ رَبِّكَ خَيْرٌ مِّمَّا يَجْمَعُونَ ﴿٣٢﴾

32 Apa dhèwèké kang padha ngedum wilasané Pangéranira? Ingsun kang ngedum panguripané *marang* dhèwèké ing kauripan donya, sarta Ingsun anjunjung *darajaté* kang sawenèh angungkuli sawenèhé, supaya kang sawenèh angregema sawenèhé ing pambangun turut; lan wilasané Pangéranira iku luwih becik tinimbang apa kang padha dikalumpukaké.[2244]

Ar. *ingan-tarané*

Ar. *ing dra-jat-drajat*

وَلَوْلَا أَنْ يَّكُونَ النَّاسُ أُمَّةً وَّاحِدَةً
لَّجَعَلْنَا لِمَنْ يَّكْفُرُ بِالرَّحْمٰنِ لِبُيُوتِهِمْ
سُقُفًا مِّنْ فِضَّةٍ وَّمَعَارِجَ عَلَيْهَا
يَظْهَرُونَ ﴿٣٣﴾

33 Lan yèn oraa sakèhing manusa bakal dadi golongan siji, amasthi wong kang angafiri marang Ingkang-Mahamurah omahé Ingsun gawèkaké payon sarta ondho kang kanggo munggah bakalé slaka,[2245]

وَلِبُيُوتِهِمْ أَبْوَابًا وَّسُرُرًا عَلَيْهَا يَتَّكِـُٔونَ ﴿٣٤﴾

Ar. *lan*

34 *Mangkono uga* lawang-lawanging omahé sarta lincak kang dianggo aléléyangan.

وَزُخْرُفًا ۚ وَإِنْ كُلُّ ذٰلِكَ لَمَّا مَتَاعُ
الْحَيٰوةِ الدُّنْيَا ۚ وَالْاٰخِرَةُ عِنْدَ رَبِّكَ
لِلْمُتَّقِينَ ﴿٣٥﴾

35 Sarta papaès emas; lan iki kabèh ora liya kajaba mung pasadhiyan kauripan donya, *déné* akhirat, ing ngarsané Pangéranira, iku tumrap para kang anjaga dhiriné (saka ing ala).

Ar. *lan*

RUKU' 4

Sarana panggayuhing kaluhuran

35-37. Sakuthu ingkang awon. 38-39. Piduwungipun. 40. Sami budheg sarta sami picek. 41-42. Wusananipun awon. 43. Kanjeng Nabi kedah gondhèlan wewedharing

manawi dhateng tiyangipun Gusti Allah. Kesangeten sanget anggènipun asor saha andonyani pepénginanipun, ngantos kaluhuraning budi pakarti tumrap piyambakipun atanpa aji babar pisan.

2244. Terangipun, kawontenanipun lahir para manusa punika béda-béda: makaten ugi sifat-sifatipun ruhani tuwin budi-pakarti, inggih boten sami. Gusti Allah anggènipun milih tiyang kajumenengaken dados nabi, boten gumantung dhateng kathahing bandhanipun, nanging dhateng kaluhuraning jiwanipun. Para titiyang wau nganggé ukuran kathahing bandha, nanging Gusti Allah ngagem ukuran kaluhuraning budi pakarti.

2245. Tumrap Gusti Allah mas lan salaka punika boten wonten aosipun. Panjenenganipun yekti badhé maringaken mas lan salaka wau kalayan mluwah-mluwah mligi dhateng para angèstu, saupami botena sampun kathah umat ingkang kesasar panggodhanipun mas lan salaka wau.

sabda. 44. Punika badhé anjunjung bangsa Arab dhateng kaluhuran. 45. Sadaya nabi punika masitakaken Mahatunggalipun Gusti Allah.

وَمَنْ يَّعْشُ عَنْ ذِكْرِ الرَّحْمٰنِ نُقَيِّضْ لَهٗ شَيْطٰنًا فَهُوَ لَهٗ قَرِيْنٌ ﴿٣٦﴾

36 Lan sapa sing méngo saka éling marang Ingkang-Mahamurah, Ingsun anyadhiyakaké sétan tumrap marang dhèwèké; banjur iku dadi kancané.[2246]

وَاِنَّهُمْ لَيَصُدُّوْنَهُمْ عَنِ السَّبِيْلِ وَيَحْسَبُوْنَ اَنَّهُمْ مُّهْتَدُوْنَ ﴿٣٧﴾

37 Lan sayekti iki padha anyimpangaké dhèwèké saka ing dalan (kang bener) sarta dhèwèké padha ngira, yèn awaké iku miturut tuntunan bener:

حَتّٰٓى اِذَا جَآءَنَا قَالَ يٰلَيْتَ بَيْنِيْ وَبَيْنَكَ بُعْدَ الْمَشْرِقَيْنِ فَبِئْسَ الْقَرِيْنُ ﴿٣٨﴾

38 Nganti, samangsané dhèwèké tumeka marang Ingsun, acalathu: O, mbok iya antarané aku karo *kowé* iku diedohna kaya wétan karo kulon;[2247] lah ala kanca iku!

Ar. *antarané*

وَلَنْ يَّنْفَعَكُمُ الْيَوْمَ اِذْ ظَّلَمْتُمْ اَنَّكُمْ فِى الْعَذَابِ مُشْتَرِكُوْنَ ﴿٣٩﴾

39 Lan sarèhning sira wus padha atindak dudu, (mulané) ing dina iki ora bakal migunani marang sira, déné sira padha dadi sakuthu ing dalem pasiksan.

اَفَاَنْتَ تُسْمِعُ الصُّمَّ اَوْ تَهْدِى الْعُمْيَ وَمَنْ كَانَ فِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ﴿٤٠﴾

40 Lan apa ta sira bisa agawé krunguné wong budheg utawa awèh pituduh wong wuta sarta sapa-sapa kang dumunung ing sasar kang tétéla?

فَاِمَّا نَذْهَبَنَّ بِكَ فَاِنَّا مِنْهُمْ مُّنْتَقِمُوْنَ ﴿٤١﴾

41 Ananging manawa ta Ingsun amundhut sira, meksa Ingsun bakal nibakaké patrapan marang dhèwèké;

اَوْ نُرِيَنَّكَ الَّذِيْ وَعَدْنٰهُمْ فَاِنَّا

42 Utawa, temen Ingsun bakal meruhaké marang sira apa kang wus Ingsun janjèkaké marang dhè-

2246. Nitik dhawuh-dhawuh candhakipun, sétan ing ngriki boten sanès mitra-awonipun tiyang ingkang nuntun piyambakipun dhateng awon.

2247. Tembung ingkang kula jarwani *Wétan* lan *Kulon* punika *masyriqain* ingkang wantahipun ateges *Wétan loro*. Nanging *tatsniyah* (rembagan ingkang nedahaken barang kalih) ingkang kados makaten punika asring ateges barangipun dalasan kosokwangsulipun. Dados *masyriqain* punika ateges panggonan malèthèking srengéngé lan panggonan suruping srengéngé (M, Q-LL).

wèké;[2248] amarga sayekti Ingsun iki Ingkang-kawasa amisésa marang dhèwèké.

عَلَيْهِمْ مُّقْتَدِرُوْنَ ﴿٤٢﴾

43 Mulané gondhèlana marang kang diwedharaké marang sira; sayekti sira iku dumunung ing dalan kang bener.

فَاسْتَمْسِكْ بِالَّذِيْٓ اُوْحِيَ اِلَيْكَ ۚ اِنَّكَ عَلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ﴿٤٣﴾

Ut. *kaagungan*

44 Lan sayekti iki temen *pépéling* tumrap marang sira sarta tumrap kaumira,[2249] lan sira tumuli bakal didangu.

وَاِنَّهٗ لَذِكْرٌ لَّكَ وَلِقَوْمِكَ ۚ وَسَوْفَ تُسْـَٔلُوْنَ ﴿٤٤﴾

45 Lan takona para utusan-Ingsun kang Ingsun utus sadurungira; Apa Ingsun (tau) andadèkaké sesembahan-sesembahan kang kudu dikawulani kajaba Ingkang-Mahamurah.

وَسْـَٔلْ مَنْ اَرْسَلْنَا مِنْ قَبْلِكَ مِنْ رُّسُلِنَآ اَجَعَلْنَا مِنْ دُوْنِ الرَّحْمٰنِ اٰلِهَةً يُّعْبَدُوْنَ ﴿٤٥﴾

RUKU' 5

Panglawanipun Fir'aun dhateng Kanjeng Nabi Musa

46, 47. Fir'aun sawadyanipun anggugujeng dhateng ayahanipun Kanjeng Nabi Musa. 48-54. Tandha-tandha dipun sumerepaken, ananging tanpa damel. 55-56. Sami kinelem.

46 Sayekti, temen Ingsun wus angutus Musa kalawan timbalan-timbalan-Ingsun marang Fir'aun sarta para pinutuwané, banjur calathu: Saèstu kula punika utusanipun Pangéraning ngalam sadaya.

وَلَقَدْ اَرْسَلْنَا مُوْسٰى بِاٰيٰتِنَآ اِلٰى فِرْعَوْنَ وَمَلَا۟ئِهٖ فَقَالَ اِنِّيْ رَسُوْلُ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٤٦﴾

2248. Janji ingkang terang gamblang, ingkang anjanjèkaken badhé dhumawahipun siksa dhateng para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, ing wekdal sugengipun, kadhawuhaken kalayan tetembungan ingkang ceplos wonten ing ngriki. Ayat ingkang rumiyin namung nerangaken angger-angger ingkang umum bab siksanipun tiyang duraka; nadyan sasampuning séda Kanjeng Nabi pisan, tiyang duraka tetep badhé angsal siksa. Murih pratélan ingkang umum punika boten nuwuhaken kalèntu tampi, pratélan punika lajeng dipun tungka dhawah candhakipun, ingkang mangandikakaken bilih Kanjeng Nabi mesthi badhé meningi lan nyipati kalayan nétranipun piyambak sirnaning mengsah-mengsahipun. Tembung *au* ingkang wonten ing wiwitaning ayat punika, kula jarwani *balik* (*malah*), awit tembung *au* punika manawi kanggé nyambeti ukara, tegesipun sami kaliyan tembung *bal* (T.S., Mugni, Q). Mirsanana LL.

2249. Suraosipun, Quran mesthi badhé ngangkat ing ngaluhur umatipun Kanjeng Nabi; awit *dhikr* punika tegesipun kaluhuran (LL).

Ar. *dhèwèké*

47 Bareng dhèwèké anekani *mrono* kalawan tandha-tandha-Ningsun, ing kono, iku padha diguguyu.

فَلَمَّا جَآءَهُمْ بِاٰيٰتِنَآ اِذَا هُمْ مِّنْهَا يَضْحَكُوْنَ ﴿٤٧﴾

48 Lan saben Ingsun ameruhaké tandha, iki masthi luwih gedhé tinimbang panunggalané,[2250] sarta dhèwèké padha Ingsun patrapi siksa, supaya padha balia.

وَمَا نُرِيْهِمْ مِّنْ اٰيَةٍ اِلَّا هِيَ اَكْبَرُ مِنْ اُخْتِهَا ۫ وَاَخَذْنٰهُمْ بِالْعَذَابِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُوْنَ ﴿٤٨﴾

49 Sarta padha calathu: É, juru-kemayan! aku suwunna marang Pangéranmu apa kang wus dijanjèkaké ing kowé; sayekti aku iki bakal padha dadi wong kang nurut dalan bener.[2251]

وَقَالُوْا يٰٓاَيُّهَ السّٰحِرُ ادْعُ لَنَا رَبَّكَ بِمَا عَهِدَ عِنْدَكَ ۚ اِنَّنَا لَمُهْتَدُوْنَ ﴿٤٩﴾

50 Ananging bareng siksa iku Ingsun singkiraké saka awaké, ing kono dhèwèké (banjur) padha cidra ing ubaya.

فَلَمَّا كَشَفْنَا عَنْهُمُ الْعَذَابَ اِذَا هُمْ يَنْكُثُوْنَ ﴿٥٠﴾

Ut. *kaumé*

51 Lan Fir'aun anguwuh ing *wadyané*, calathuné: É, *wadyaku*, apa karaton Mesir iku dudu kagunganku? Sarta kali-kali kang mili ing ngisorku iki? Lah apa kowé padha ora weruh?

وَنَادٰى فِرْعَوْنُ فِيْ قَوْمِهٖ قَالَ يٰقَوْمِ اَلَيْسَ لِيْ مُلْكُ مِصْرَ وَهٰذِهِ الْاَنْهٰرُ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِيْ ۚ اَفَلَا تُبْصِرُوْنَ ﴿٥١﴾

52 Rak aku luwih becik tinimbang iki, wong kang asor sarta prasasat ora bisa calathu cetha:

اَمْ اَنَا خَيْرٌ مِّنْ هٰذَا الَّذِيْ هُوَ مَهِيْنٌ ۙ وَّلَا يَكَادُ يُبِيْنُ ﴿٥٢﴾

53 Lah yagéné dhèwèké ora dianggon-anggoni gelang emas,[2252]

فَلَوْلَآ اُلْقِيَ عَلَيْهِ اَسْوِرَةٌ مِّنْ ذَهَبٍ

2250. Suraosipun, tandha yekti ingkang ageng-ageng kagelaraken; saben tandhayekti mesthi langkung ageng katimbang tandhayekti ingkang sampun kagelaraken.

2251. Prajangji ingkang sampun kaparingaken, inggih punika siksa namung badhé kadhawahaken manawi yakti punika dipun emohi. Mirsanana Pangentasan bab 8, ing ngriku tétéla bilih saben-saben raja Fir'aun kagelaran satunggaling tandhayekti piyambakipun mesthi lajeng nedha dhateng Kanjeng Nabi Musa supados nyuwunaken icalipun siksa, kanthi aprajanji piyambakipun boten badhé milawani malih dhateng Kanjeng Nabi Musa.

2252. Panganggepipun raja Fir'aun, manawi Kanjeng Nabi Musa punika pranyata utusanipun Pangéran Ingkang-Mahaluhur, yekti panjenenganipun kajumenengaken ratu, jalaran "gelang mas"

أَوْ جَآءَ مَعَهُ الْمَلٰٓئِكَةُ مُقْتَرِنِيْنَ ﴿٥٣﴾

utawa yagéné para malaikat ora teka anyartani dhèwèké minangka kanthi?[2253]

فَاسْتَخَفَّ قَوْمَهٗ فَاَطَاعُوْهُ ؕ اِنَّهُمْ كَانُوْا قَوْمًا فٰسِقِيْنَ ﴿٥٤﴾

54 Dhèwèké ambobolèhi angaberaké atiné *wadyané*, iki banjur padha angèstokaké; sayekti dhèwèké iku kaum kang padha murang yekti.

فَلَمَّآ اٰسَفُوْنَا انْتَقَمْنَا مِنْهُمْ فَاَغْرَقْنٰهُمْ اَجْمَعِيْنَ ﴿٥٥﴾

55 Bareng dhèwèké padha agawé rengu-Ningsun, (banjur) padha Ingsun patrapi pidana, banjur padha Ingsun kelem kabèh,

فَجَعَلْنٰهُمْ سَلَفًا وَّ مَثَلًا لِّلْاٰخِرِيْنَ ﴿٥٦﴾

56 Sarta padha Ingsun dadèkaké barang kang wus kapungkur tuwin tuladhan tumrap umat kang kari-kari.

RUKU’ 6

Lenggahipun Kanjeng Nabi ‘Isa dados Nabi

57-60. Boten sarjunipun tiyang Makkah dhateng Kanjeng Nabi ‘Isa. 61-62. Kanjeng Nabi ‘Isa minangka tandha cuthelipun sari’at Yahudi. 63-65. Wasitaniupun Kanjeng Nabi ‘Isa sarta kados pundi panampinipun. 66-67. Titining mangsa.

وَلَمَّا ضُرِبَ ابْنُ مَرْيَمَ مَثَلًا اِذَا قَوْمُكَ مِنْهُ يَصِدُّوْنَ ﴿٥٧﴾

57 Lan nalikané anak lanangé Maryam dicaritakaké gagambarané, ing kono kaumira padha anjengèk saking prakara iku.[2254]

وَقَالُوْٓا ءَاٰلِهَتُنَا خَيْرٌ اَمْ هُوَ ؕ مَا ضَرَبُوْهُ

58 Sarta padha calathu: Apa sesembahanku sing luwih becik apa dhèwèké? Olèhé padha anondèkaké

punika mengku teges bandha ingkang kathah sanget. Dhawuh punika wigatos anerangaken bilih ingkang dipun anggé pawadan raja Fir’aun angemohi Kanjeng Nabi Musa punika sami kaliyan pawadanipun titiyang Quraisy ingkang kanggé angemohi dhateng Kanjeng Nabi Suci.

2253. Terangipun, Kanjeng Nabi Musa yekti rawuh mawi kadhèrèkaken para malaikat, kados déné ratu kadhèrèkaken ing wadyabalanipun.

2254. Marambah-rambah Quran nglepataken piwulang ingkang nganggep Pangéran kagungan putra. Ing surat punika ugi, ing ruku’ sadèrèngipun ruku’ ingkang wekasan piyambak, inggih wonten dhawuh ingkang nglepataken pangandel Allah puputra wau. Nanging samangsa bab prakawis Kanjeng Nabi ‘Isa katerangaken, para titiyang kafir sami mabeni dupèh Kanjeng Nabi ‘Isa angsal pangaji-aji, mangka brahala-brahalanipun dipun wada. Lah inggih makaten punika suraosipun pratélan ingkang kasebut ing ayat candhakipun: Apik endi, sesembahanku apa dhèwèké? Terangipun, manawi seesembahanipun bangsa sanès – kadosta Kanjeng Nabi ‘Isa ingkang titiyang Nasrani kaanggep dados sesembahan – angsal pangaji-aji lah punapaa sesembahanipun bangsa piyambak boten angsal pangaji-aji ugi.

dhèwèké iku, tumrap marang sira, ora liya kajaba kanggo padudon; o, dhèwèké iku pancèn kaum kang dhemen padudon.	لَكَ إِلَّا جَدَلًا ۚ بَلْ هُمْ قَوْمٌ خَصِمُونَ ۝٥٨
59 Dhèwèké iku ora liya kajaba kawula, kang wus Ingsun paringi nugraha sarta Ingsun dadèkaké conto tumrap para turun Israil.[2255]	إِنْ هُوَ إِلَّا عَبْدٌ أَنْعَمْنَا عَلَيْهِ وَجَعَلْنَاهُ مَثَلًا لِّبَنِي إِسْرَائِيلَ ۝٥٩
60 Lan yèn ta Ingsun angarsakna, amasthi (bisa) Ingsun andadèkaké para malaikat maréntah ing bumi ing antaranira.	وَلَوْ نَشَاءُ لَجَعَلْنَا مِنكُم مَّلَائِكَةً فِي الْأَرْضِ يَخْلُفُونَ ۝٦٠
61 Lan sayekti, iku temen kawruh tumrap titining mangsa;[2256] mulané aja padha semang-semang marang iku, sarta padha mituruta aku: iki dalan kang bener.	وَإِنَّهُ لَعِلْمٌ لِّلسَّاعَةِ فَلَا تَمْتَرُنَّ بِهَا وَاتَّبِعُونِ ۚ هَٰذَا صِرَاطٌ مُّسْتَقِيمٌ ۝٦١
62 Sarta aja nganti sétan iku angalang-alangi sira; sayekti dhèwèké iku tumrapé sira mungsuh kang tétéla.	وَلَا يَصُدَّنَّكُمُ الشَّيْطَانُ ۖ إِنَّهُ لَكُمْ عَدُوٌّ مُّبِينٌ ۝٦٢

2255. Ayat punika mengku wangsulan dhateng pawadanipun titiyang Quraisy wau Kanjeng Nabi ‘Isa punika anggènipun angsal pangaji-aji boten margi dados sesembahanirun satunggaling umat, nanging margi panjenenganipun punika kawulanipun Allah ingkang tulus, ingkang sampun kaparingan nugraha Pangéran. Malah boten namung tampi nugraha kémawon Kanjeng Nabi ‘Isa punika, nanging panjenenganipun punika ugi dados contoning katulusan tumrap tiyang Israil, awit panjenenganipun punika nabi ingkang kautus dhateng titiyang Israil wau, supados dados kaca-banggala kanggé tutuladhan nindakaken katulusan. Kosokwangsulipun, para manembah-brahala malah sami nyitra titiyang agengipun pisan klelep wonten ing kanisthan. Minangka conto, sok tiyanga saged ningali wonten ing serat-seratipun Purana tiyang agami Hindu, ing ngriku sesembahan-sesembahan Hindu dalasan panunggilanipun batara Siwah pisan kawarna kados déné klelep wonten ing kanisthan ngantos cacak sadhéngah tiyang mesthi gila akipa-kipa.

2256. *Titining-Mangsa* tegesipun titimangsaning pindhahipun kanabian saking dharah Israil. Makaten punika tegesipun ingkang terang sanépa pakebonan anggur ing Matteus 21: 33, Markus 12: 1, tuwin ing Lukas 20: 9, ingkang pinungkasan makaten: “Kang iku aku pitutur ing kowé yèn Karatoning Allah bakal pinundhut saka ing kowé, banjur kaparingaké marang sawijining bangsa kang angetokaké wohé” (Mat 21: 43). Sampun dangu kanabian punika lastantun wonten ing antawisipun darah Israil, sarta, kados déné ingkang kanyatan ing babad, Kanjeng Nabi ‘Isa punika nabi ingkang wekasan tumrap saréngat Musa. Punapa boten nama anèh, manawi satunggaling bangsa ingkang tansah katurunan nabi teka lajeng ngalami éwah-éwahan wigatos rawuhipun Kanjeng Nabi ‘Isa, ingkang ing sapengkeripun boten wonten nabi malih? Lah inggih kalayan teges punika Kanjeng Nabi ‘Isa dados ngélmuning sangat (titining mangsa) punika, awit *sâ’ah* (titining mangsa) punika ateges risakipun satunggaling umat, tumrap prakawis punika risakipun bangsa Israil.

63 Lan nalikané ‘Isa teka kalawan tandha-tandha yekti, acalathu: Sayekti, tekaku marang kowé kalawan kawicaksanan, sarta supaya aku anerangna marang kowé sawenèhé (prakara) kang ing kono kowé padha sulaya; mulané dituhu-tuhu ing wajibmu maring Allah sarta ambangun turuta aku:

وَلَمَّا جَآءَ عِيۡسٰى بِالۡبَيِّنٰتِ قَالَ قَدۡ جِئۡتُكُمۡ بِالۡحِكۡمَةِ وَلِاُبَيِّنَ لَكُمۡ بَعۡضَ الَّذِىۡ تَخۡتَلِفُوۡنَ فِيۡهِ‌ۚ فَاتَّقُوا اللّٰهَ وَاَطِيۡعُوۡنِ ﴿۶۳﴾

64 Sayekti Allah iku Pangéranku lan Pangéranmu; mulané padha
a. 1547A ngabdia Panjenengané;[a] iki dalan kang bener.

اِنَّ اللّٰهَ هُوَ رَبِّىۡ وَرَبُّكُمۡ فَاعۡبُدُوۡهُ‌ ؕ هٰذَا صِرَاطٌ مُّسۡتَقِيۡمٌ ﴿۶۴﴾

65 Ananging papanthan-papanthan saka antarané dhèwèké iku padha gèsèh-gèsèh mulané cilaka tumrap para kang atindak dudu amarga saka siksa ing dina kang anglarani.

فَاخۡتَلَفَ الۡاَحۡزَابُ مِنۡۢ بَيۡنِهِمۡ‌ۚ فَوَيۡلٌ لِّلَّذِيۡنَ ظَلَمُوۡا مِنۡ عَذَابِ يَوۡمٍ اَلِيۡمٍ ﴿۶۵﴾

66 Apa sing padha dientèni kajaba titining mangsa,[2257] kang olèhé nekani dhèwèké bakal tanpa cacala sarta dhèwèké ora padha anggraita?

هَلۡ يَنۡظُرُوۡنَ اِلَّا السَّاعَةَ اَنۡ تَاۡتِيَهُمۡ بَغۡتَةً وَّهُمۡ لَا يَشۡعُرُوۡنَ ﴿۶۶﴾

67 Ing dina iku mitra-mitra bakal dadi mungsuh siji marang sijiné, kajaba wong kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala).

اَلۡاَخِلَّآءُ يَوۡمَئِذٍۢ بَعۡضُهُمۡ لِبَعۡضٍ عَدُوٌّ اِلَّا الۡمُتَّقِيۡنَ ﴿۶۷﴾

RUKU’ 7

Papanthan kalih

68-73. Ganjaranipun para angèstu. 74-78. Pidananipun piawon. 79-80. Anggènipun sami mutus. 81-82. Pambengkasing panganggep Allah puputra. 83-86. Leburipun. 87-89. Kanjeng Nabi kedah ngentosi.

68 É, para kawula-Ku! ing dina iki ora ana kuwatir tumrapé sira sarta sira ora bakal padha susah.

يٰعِبَادِ لَا خَوۡفٌ عَلَيۡكُمُ الۡيَوۡمَ وَلَاۤ اَنۡتُمۡ تَحۡزَنُوۡنَ ﴿۶۸﴾

2257. *Sâ’ah* (titining mangsa) ing ngriki risakipun titiyang Quraisy.

69 Para kang padha angèstu ing timbalan-timbalan-Ingsun sarta padha sumarah:

ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ بِـَٔايَـٰتِنَا وَكَانُوا۟ مُسْلِمِينَ ٦٩

70 Padha malebua ing taman, sira lan para *bojonira*;[2258] sira bakal padha digawé seneng.

Ut. *kanthinira , jodhonira*

ٱدْخُلُوا۟ ٱلْجَنَّةَ أَنتُمْ وَأَزْوَٰجُكُمْ
تُحْبَرُونَ ٧٠

71 Bakal padha diideri piring lan gelas emas, isi barang pepéngining jiwa sarta anyedhepaké mripat, lan sira bakal manggon ana ing kono.

يُطَافُ عَلَيْهِم بِصِحَافٍ مِّن ذَهَبٍ
وَأَكْوَابٍ ۖ وَفِيهَا مَا تَشْتَهِيهِ ٱلْأَنفُسُ
وَتَلَذُّ ٱلْأَعْيُنُ ۖ وَأَنتُمْ فِيهَا خَـٰلِدُونَ ٧١

72 Lan iki taman kang diwarisaké marang sira amarga saka barang kang wis padha sira lakoni.[2259]

وَتِلْكَ ٱلْجَنَّةُ ٱلَّتِىٓ أُورِثْتُمُوهَا بِمَا
كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ٧٢

73 Ana ing kono sira pinaringan wowohan sapirang-pirang, iku kang padha sira pangan.

لَكُمْ فِيهَا فَـٰكِهَةٌ كَثِيرَةٌ مِّنْهَا
تَأْكُلُونَ ٧٣

74 Sayekti, para wong duraka iku bakal padha manggon ing siksa naraka.

إِنَّ ٱلْمُجْرِمِينَ فِى عَذَابِ جَهَنَّمَ
خَـٰلِدُونَ ٧٤

75 Ora bakal dimayaraké sarta ana ing kono bakal padha pepes pangarep-arepé.

لَا يُفَتَّرُ عَنْهُمْ وَهُمْ فِيهِ مُبْلِسُونَ ٧٥

76 Lan Ingsun iki ora anganiaya marang dhèwèké, ananging dhèwèké dhéwé kang padha wong nganiaya.

وَمَا ظَلَمْنَـٰهُمْ وَلَـٰكِن كَانُوا۟
هُمُ ٱلظَّـٰلِمِينَ ٧٦

77 Lan bakal padha anguwuh: Dhuh, Mâlik![2260] mugi Pangéran sampéyan angampuni dhateng kula. Calathuné: Sayekti kowé iku bakal padha tetep.

وَنَادَوْا۟ يَـٰمَـٰلِكُ لِيَقْضِ عَلَيْنَا رَبُّكَ ۖ
قَالَ إِنَّكُم مَّـٰكِثُونَ ٧٧

2258. Para angèstu kadhawuhan lumebet suwarga kaliyan sémah-sémahipun, suprandéné meksa wonten ingkang mastani bilih agami Islam mastani tiyang èstri boten kasinungan ruh. Tembung *zauj* punika ugi ateges *tunggilipun*, *mitranipun*, *sisihanipun*, utawi *kancanipun* (LL)

2259. Para sahabat kaparingan warisan taman wonten ing gesang sapunika punika ugi, minangka pratandha bilih janji badhé pinaringan taman bénjing ing akhirat punika mesthi nyatanipun.

2260. *Mâlik* punika wantahipun ateges *Bandara*. Ing ngriki ateges malaikat ingkang tinanggenah mangrèh para ingkang wonten ing naraka.

78 Sayekti, temen Ingsun wus anekakaké kasunyatan marang sira, ananging sira iku sing akèh padha gething marang kasunyatan.

أَمْ أَبْرَمُوٓا أَمْرًا فَإِنَّا مُبْرِمُونَ ﴿٧٩﴾

79 Apa ta dhèwèké kang mutusi prakara? Lah sayekti Ingsun iki kang juru-mutusi.[2261]

قُلْ إِنْ كَانَ لِلرَّحْمٰنِ وَلَدٌ فَأَنَا أَوَّلُ الْعٰبِدِينَ ﴿٨١﴾

80 Apa ta padha ngira yèn Ingsun iki ora miyarsa apa kang siningidaké sarta rerembugané kang winadi? O, miyarsa! sarta para utusan-Ingsun, ing sandhingé padha nulisi.[2262]

أَمْ يَحْسَبُونَ أَنَّا لَا نَسْمَعُ سِرَّهُمْ وَنَجْوٰىهُمْ ۚ بَلٰى وَرُسُلُنَا لَدَيْهِمْ يَكْتُبُونَ ﴿٨٠﴾

Ut. *Ingkang Mahamurah iku ora kagungan*

81 Calathua: *yèn ta ingkang Mahamurah iku kagungana* putra, lah aku iki pangarepé para kang padha angabdi.[2263]

لَقَدْ جِئْنٰكُمْ بِالْحَقِّ وَلٰكِنَّ أَكْثَرَكُمْ لِلْحَقِّ كٰرِهُونَ ﴿٧٨﴾

Ar. *dhampar*

82 Mahasuci Pangéraning langit-langit lan bumi, Pangéraning *karaton*, saka anggoné padha anggambar-gambaraké.

سُبْحٰنَ رَبِّ السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ رَبِّ الْعَرْشِ عَمَّا يَصِفُونَ ﴿٨٢﴾

2261. Para kafir sami dipun pangandikani, sampun pisan sami rumaos bilih piyambakipun nama sampun ngrampungi ing damel bab Kanjeng Nabi Suci, manawi piyambakipun sami damel upaya badhé nyédani panjenenganipun punika, awit menggah ing sajatos-jatosipun ingkang ngrampungi sadaya prakawis punika Gusti Allah.

2262. Ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika krénah dhateng Kanjeng Nabi Suci.

2263. Ayat punika asring dipun suraos sacara lepat. Dhawuh punika boten teka asuraos, bilih manawi Pangéran kagungan putra, yekti Kanjeng Nabi ingkang rumiyin piyambak ngabdi dhateng putra wau. Déné suraosipun, ayat punika anyebutaken samangsa tiyang punika ngabdi ing Pangéran, sacara ngibarat piyambakipun punika winastan putranipun Allah; awit saking punika, rèhning Kanjeng Nabi Suci punika wiwitanipun tiyang ingkang ngabdi, dados panjenenganipun punika sang putra ingkang ateges kados makaten wau. Sajatosipun ayat punika kedah dipun cundhukaken kaliyan 39: 4, ingkang mungel makaten: "Manawa Allah iku angarsakaké mundhut putra, yekti Panjenengané milih endi saka titah-É kang dikarsakaké." Dados menggah ing sajatos-jatosipun ingkang nama putraning Allah punika kawula ingkang pinilih déning Gusti Allah. Awit saking punika manawi Pangéran punika apuputra, Kanjeng Nabi punika ingkang ageng piyambak wewenangipun jumeneng putraning Allah sacara walaka, utawi sacara panyuraosipun titiyang Nasrani tuwin tiyang sanès-sanèsipun ingkang mastani Allah puputra, Allah punika boten puputra. Nanging sacara ngibarat, kawulanipun Allah ingkang sinelir, kénging winastan putra-Nipun. Kula aturi mirsani ugi 2155. Utawi, *in* ing ngriki saged dados *nâfiyah*, tegesipun ayat punika lajeng makaten, "Pangéran Mahamurah ora kagungan putra mulané aku iku .... Dados tembung *Rahmân* ing ngriki sampun mastani Panjenenganipun boten puputra. Katranganipun mirsanana 1571.

فَذَرْهُمْ يَخُوضُوا وَيَلْعَبُوا حَتّٰى يُلٰقُوا
يَوْمَهُمُ الَّذِي يُوعَدُونَ ۝٨٣

83 Mulané padha togna baé olèhé andarung guguneman lalawora sarta abungah-bungah, nganti katemuné karo dinané kang diancamaké.

وَهُوَ الَّذِي فِي السَّمَاءِ إِلٰهٌ وَفِي الْأَرْضِ
إِلٰهٌ ۚ وَهُوَ الْحَكِيمُ الْعَلِيمُ ۝٨٤

84 Lan Panjenenganè iku Kang ana ing langit Sesembahan lan ana ing bumi (iya) Sesembahan; sarta Panjenengané iku Ingkang-Wicaksana, Ingkang-Ngudanèni.

وَتَبَارَكَ الَّذِي لَهُ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ
وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۚ وَعِنْدَهُ عِلْمُ
السَّاعَةِ ۚ وَإِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ۝٨٥

85 Lan Mahabarkah Panjenengané, Kang kagungan karatoning langit-langit lan bumi sarta apa kang ana ing saantarané, lan ana ing ngarsa-Né kawruh titining mangsa iku, tuwin marang Panjenengané anggonira bakal padha dibalèkaké.

وَلَا يَمْلِكُ الَّذِينَ يَدْعُونَ مِنْ
دُونِهِ الشَّفَاعَةَ إِلَّا مَنْ شَهِدَ بِالْحَقِّ
وَهُمْ يَعْلَمُونَ ۝٨٦

86 Lan para kang padha diuwuh saliyané Panjenengané iku ora andharbèni syafa'at, *kang andharbèni yaiku* wong kang aneksèni marang kasunyatan, lan (iki) dhèwèké padha meruhi.[2264]

Ar. *kajaba*

وَلَئِنْ سَأَلْتَهُمْ مَنْ خَلَقَهُمْ لَيَقُولُنَّ
اللّٰهُ فَأَنّٰى يُؤْفَكُونَ ۝٨٧

87 Lan manawa padha sira takoni, Sapa sing nitahaké awaké, amasthi bakal padha calathu: Allah. lah yagéné padha maléngos?

2264. Ingkang neksèni kasunyatan punika boten sanès inggih Kanjeng Nabi Suci, sarta para titiyang wau sumerepipun dhateng Kanjeng Nabi saèstu, awit panjenenganipun punika *Amîn*, ingkang boten naté ngandika dora. Makaten ugi para titiyang wau inggih sami nyumerepi kanyataanipun wahananing piweca-piwecanipun.

Ayat punika mangandikani kula sami, bilih bukti ingkang cetha bab syafa'ahipun utawi pitulungipun Kanjeng Nabi Suci badhé kagelaraken sarana kajunjungipun ing ngaluhur para pandhèrèkipun, tuwin remukipun tan mangga puliha para mengsah-mengsahipun margi brahala-brahalanipun boten saged ambélani piyambakipun. Kalayan tetembungan ingkang terang gamblang, ayat punika anetepaken wontenipun syafa'ahipun Kanjeng Nabi Suci ingkang kapintonaken dhateng pandhèrèkipun. Déné tegesipun syafa'ah tuwin ingkang kasedya déning syafa'ah wau kasebutaken wonten ing 79: 339 tuwin 607.

a. 2099	88 Waspadakna[a] unjuké: Dhuh Pangéran kawula! saèstu, punika tiyang ingkang sami boten angèstu.[2265]	وَقِيْلِهٖ يٰرَبِّ اِنَّ هٰٓؤُلَآءِ قَوْمٌ لَّا يُؤْمِنُوْنَ ﴿٨٨﴾
	89 Mulané padha sira singkirana sarta acalathua: rahayu! amarga dhèwèké tumuli bakal padha weruh.[2266]	فَاصْفَحْ عَنْهُمْ وَقُلْ سَلٰمٌ ؕ فَسَوْفَ يَعْلَمُوْنَ ﴿٨٩﴾

2265. Sampun mataun-taun Kanjeng Nabi Suci anggènipun ambanting sarira makarya wonten ing antawisipun para titiyang wau, nandhang sawarnining panganiaya, malah ngantos dipun krénah badhé dipun sédani punapa, suprandéné boten kendhat panjenenganipun tansah nyunyuwun dhateng Allah murih para mengsah-mengsahipun boten sami kaparingan siksa. Kalayan tetembungan ingkang sakalangkung alus panjenenganipun ngesokaken suraosing panggalihipun: "Dhuh Pangéran kawula! sayekti para titiyang wau kaum ingkang boten sami purun angèstu." Badhé atanpa damel manawi tiyang badhé ngupados tuladha saminipun punika; sabar lan santosa, teteg tatag tanggon salebetipun nandhang cobi, tur tetep tresna dhateng sasamining manusa.

2266. Méngo saking piyambakipun tuwin ngucap "Rahayu," punika piweca ingkang terang bab Hijrah. Kedah dipun pèngeti bilih wahyu jaman Makkah wiwitan punika isi piweca-piweca ingkang boten kénging dipun sélaki malih, ingkang mecakaken sadaya lalampahan-lalampahan ingkang wigatos ing pawingkingipun ingkang dipun alami déning Kanjeng Nabi Suci. Sarta kedah dipun pèngeti ugi bilih manawi satunggaling lalampahan dipun wecakaken wonten ing satunggaling dhawuh, punika boten kénging kanggé titikan titimangsa tumurunipun dhawuh wau. Saged ugi "méngo" punika boten ateges késah saking Makkah saèstu, nanging nilar para mengsah wau salebetipun wonten ing kawontenan ingkang dipun alami nalika ing wekdal wau.

(٤٤) سُوْرَةُ الدُّخَانِ مَكِّيَّةٌ

اياتها ٥٩ — ركوعاتها ٣

SURAT 44

AD-DUKHÂN

(*Masa asat (Bethatan)*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ruku', 59 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Pidana ènthèng tinungka ingkang langkung awrat.
Ruku' 2, 3. Awon lan saé wonten wawalesipun.

Katerangan gerban

Punika surat ingkang kaping gangsal tumrap golongan *Hâmîm*. Surat punika kanamakaken *Ad-Dukhân* utawi *Masa asat*, mirid saking piweca bab masa asat ingkang kasebutaken ing ayat 10. Piweca punika dipun sambeti piweca sanès ingkang mecakaken bilih siksa ingkang langkung ageng malih badhé dipun dhawahaken manawi para kafir boten sami tobat. Kawontenanipun raja Fir'aun ingkang dipun kelem margi wangkotipun, lajeng kasebutaken. Ingkang kalih ruku' surat punika dipun mligèkaken kanggé nerangaken kawontenanipun para tiyang tulus tuwin para tiyang duraka, ing ngriku kasebutaken bilih satunggal-satunggalipun badhè angsal wawales piyambak-piyambak samurwatipun. Surat punika kénging winastan anggenahaken, siksanipun para titiyang Quraisy ingkang kapangandikakaken wonten ing wekasaning surat ingkang sampun punika kados pundi ingkang dipun karsakaken. Paceklik punika siksa ingkang ènthèng, wondéné *paniksa kang gedhé* ing ayat 16, punika piweca bab remukipun babar pisan para titiyang Quraisy, ingkang badhé kelampahan wonten ing peperangan-peperangan ingkang kelampahanipun sasampunipun Hijrah dhateng Madinah.

RUKU' 1

Pidana ènthèng tinungka ingkang langkung awrat

1-5. Pancasan. 6-9. Pangéran Ingkang-Mahamurah. 10-15. Weca badhé wontenipun paceklik sarta panyuwun biratipun. 16. Awonipun andados, lajeng anungka ing pidana ingkang langkung awrat. 17-29. Fir'aun sawadyabalanipun kinèlem, amargi boten anggega dhateng pèpènget.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

a. 2171 1 Allah Ingkang-Ingalembana, Ingkang-Minulya![a]

حٰمٓ ①

b. 2099 2 Waspadakna[b] Kitab kang agawé teranging kasunyatan iku.

وَالْكِتٰبِ الْمُبِيْنِ ②

3 Sayekti, iku anggon-Ingsun nurunaké ing wengi kang binarkahan[2267] – sayekti, Ingsun iki tansah apépéling –

إِنَّآ أَنزَلْنَٰهُ فِى لَيْلَةٍ مُّبَٰرَكَةٍ
إِنَّا كُنَّا مُنذِرِينَ ﴿٣﴾

4 Ing sajroné kono sarupaning prakara kawicaksanan sinilahaké,[2268]

فِيهَا يُفْرَقُ كُلُّ أَمْرٍ حَكِيمٍ ﴿٤﴾

5 Paréntah saka ngarsa-Ningsun, sayekti Ingsun iki kang angutus (para utusan),

أَمْرًا مِّنْ عِندِنَآ ۚ إِنَّا كُنَّا مُرْسِلِينَ ﴿٥﴾

6 Wilasa saka Pangéranira; sayekti Panjenengané iku ingkang-Miyarsa, Ingkang-Ngudanèni,

رَحْمَةً مِّن رَّبِّكَ ۚ إِنَّهُۥ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْعَلِيمُ ﴿٦﴾

7 Pangéraning langit-langit lan bumi sarta sabarang kang ana ing saantarané, yèn sira iku padha yakin.

رَبِّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَآ ۖ
إِن كُنتُم مُّوقِنِينَ ﴿٧﴾

8 Ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; Panjenengané aparing urip lan aparing pati; Pangéranira lan Pangérané bapak-bapakira ing biyèn-biyèn.

لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ يُحْىِۦ وَيُمِيتُ ۖ رَبُّكُمْ
وَرَبُّ ءَابَآئِكُمُ ٱلْأَوَّلِينَ ﴿٨﴾

9 O, dhèwèké padha dumunung ing kamamangan, padha adodolanan.

بَلْ هُمْ فِى شَكٍّ يَلْعَبُونَ ﴿٩﴾

10 Mulané angentènana dina kang langité anekakaé bethatan kang tétéla,[2269]

فَٱرْتَقِبْ يَوْمَ تَأْتِى ٱلسَّمَآءُ بِدُخَانٍ مُّبِينٍ ﴿١٠﴾

2267. Tumurunipun Quran Suci punika pancèn kawiwitan wonten ing dalu ingkang binarkahan, ingkang wonten ing panggènan sanès kasebut *lailatu-l-qadr* (97: 1), inggih punika salah satunggaling dalu ing salebetipun sadasa dalu ingkang wekasan ing wulan Ramadhan. Nanging Quran Suci katurunaken ing *wengi kang binarkahan*, punika mengku teges ingkang langkung lebet malih katimbang punika. *Dalu*, punika ateges jaman peteng dados jaman kabodhoan, inggih punika duk nalikanipun ngélmu jati sirna saking ngalam donya. Rawuhipun nabi punika mesthi wonten ing jaman pepeteng kados makaten wau. Malah nalika Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. rawuh, pepeteng kados makaten wau mradini sadaya nagari. Déné mila dalu wau winastan dalu ingkang binarkahan, awit ing dalu wau jagad tampi gumelaring cahya Ilahi ingkang sakalangkung agung.

2268. Jalaran wahyuning Pangéran anyilahaken kasunyatan saking panggorohan tuwin amedharaken gedhonging kawicaksanan dhateng sagung para manusa. Sawenèh amastani, *lailatu-l-qadr* punika ateges jamanipun satunggaling nabi, sadangunipun nabi wau mulangaken kasunyatan saking ngarsanipun Allah ingkang kawahyokaken dhateng panjenenganipun. Mirsanana 2778.

2269. Tembung *dukhân* punika kajawi ateges *kukus* ugi gadhah teges sanèsipun malih. Para

11 Kang bakal anglimputi para manusa; yaiki siksa kang nglarani.

يَغْشَى النَّاسَ ۖ هَٰذَا عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١١﴾

12 Pangéran kawula! mugi Tuwan ambirat siksa punika saking kawula; saèstu kawula punika sami tiyang angèstu.

رَبَّنَا اكْشِفْ عَنَّا الْعَذَابَ إِنَّا مُؤْمِنُونَ ﴿١٢﴾

Ar. *lan*

13 Kapriyé olehé padha bisa olèh pépéling, *lah wong* wis ana Utusan anekani dhèwèké kang anerangaké (kasunyatan),

أَنَّىٰ لَهُمُ الذِّكْرَىٰ وَقَدْ جَاءَهُمْ رَسُولٌ مُبِينٌ ﴿١٣﴾

14 Malah padha malèngosi sarta padha calathu: wong kang tampa wuruk (saka kang liya), wong édan.

ثُمَّ تَوَلَّوْا عَنْهُ وَقَالُوا مُعَلَّمٌ مَجْنُونٌ ﴿١٤﴾

15 Sayekti Ingsun bakal ambirat siksa iku sathithik, (ananging) masthi sira bakal padha bali andaluya.

إِنَّا كَاشِفُو الْعَذَابِ قَلِيلًا ۚ إِنَّكُمْ عَائِدُونَ ﴿١٥﴾

16 Ing dina nalikané (dhèwèké) kalawan paniksa kang gedhé: Sayekti Ingsun bakal anibakaké wawales.[2270]

يَوْمَ نَبْطِشُ الْبَطْشَةَ الْكُبْرَىٰ إِنَّا مُنْتَقِمُونَ ﴿١٦﴾

mufassirin sami sarujuk amastani, awawaton hadits ingkang kénging pinitados sanget, bilih ing ngriki tembung wau ateges *mangsa asat awis jawah* utawi *masa bethatan.* Miturut TA, *dukhân* ateges *aljadab*, jawinipun *paceklik* utawi *masa asat* tuwin ateges *al-ju'*, jawinipun *luwé*, awit (masa asat punika nuwuhaken kacilakan ingkang kados makaten wau, ngantos) tiyang ingkang kalirén sumerep kukus kumléyang wonten ing antawisipun langit lan piyambakipun, kabekta saking sangeting luwénipun. Nanging ngulami sanès wonten ingkang nerangaken, sababipun ingkang sajatos mila *luwé* winastan *dukhân*, punika amargi ing masa asat bumi ingkang garing mabul-mabul bledugipun, temah mahanani swasana kebak bledug, ingkang lajeng katembungaken kukus, sarta inggih awit saking punika mila taun paceklik awis tedha utawi mangsa asat awis toya punika winastan *taun bledug* utawi *paceklik margi kathah bledug*. Kula aturi mirsani ugi LL, namung ingkang mungel "*ing satunggaling wekdal* tiyang ingkang keluwén sumerep kukus wonten ing antawising piyambakipun kaliyan langit" punika boten cocok kaliyan ukara ingkang dipun jarwani. Suraosing dhawuh ing sagemblengipun anedahaken bilih surat punika kagolong dhawuh ingkang tumurun nalika jaman Makkah wiwitan. Wonten ingkang mastani bilih ayat punika tuwin ayat-ayat candhakipun, ngantos dumugi ayat 16, punika kagolong dhawuh ingkang tumurun ing Madinah; wonten malih ingkang mastani, ingkang tumurun ing Madinah wau namung ayat 15 lan ayat 16 kémawon. Nanging pamanggih makaten wau babar pisan atanpa waton. Pratélan ingkang wonten ing ayat-ayat wau, sadaya piweca; makaten ugi pratélan ing ayat 15, *Ingsun bakal ambirat siksa iku sathithik*, punika ugi piweca, awit biratipun mangsa asat, mangsa asat punika lajeng katungka ing "paniksa kang gedhé," inggih punika ingkang kelampahan nalika bedhahipun nagari Makkah. Bab punika kasebutaken Bkh makaten: "Nalika wong Quraisy padha milawani ing Kanjeng Nabi Suci saw. panjenengané nyunyuwun supaya wong Quraisy padha ketaman taun-taun asat kaya nalika jamané Nabi Yusuf inggih punika pitung taun); mulané

2270. *Mirsanana kaca candhakipun.*

17 Lan sayekti, Ing sadurungé dhèwèké iku, temen Ingsun wus aparing coba marang kaumé Fir’aun sarta utusan kang minulya wus anekani *mrono*,

Ar. *dhèwèké*

وَلَقَدْ فَتَنَّا قَبْلَهُمْ قَوْمَ فِرْعَوْنَ وَجَآءَهُمْ رَسُولٌ كَرِيمٌ ﴿١٧﴾

a. 1356

18 Calathua:[a] Kawulaning Allah sami paduka pasrahaken dhateng kawula;[2271] saèstu kula punika utusan ingkang pracaya, tumrap dhateng paduka,

أَنْ أَدُّوٓا إِلَىَّ عِبَادَ اللّٰهِ ۖ إِنِّى لَكُمْ رَسُولٌ أَمِينٌ ﴿١٨﴾

Ar. *sarta, yèn*

19 *Sarta* sampun sami kuwalahan lumawan Allah: saèstu kula badhé andhatengaken dhateng paduka bukti-winenang ingkang terang:

وَأَن لَّا تَعْلُوا عَلَى اللّٰهِ ۖ إِنِّىٓ ءَاتِيكُم بِسُلْطٰنٍ مُّبِينٍ ﴿١٩﴾

20 Saèstu kula nyuwun angayom ing Pangéran kula sarta Pangéran paduka saking anggèn paduka badhé *amejahi* kula:

Ut. *angasoraken*

وَإِنِّى عُذْتُ بِرَبِّى وَرَبِّكُمْ أَن تَرْجُمُونِ ﴿٢٠﴾

21 Sarta manawi paduka boten sami angèstu dhateng kula, lah kula paduka kèndelaken kémawon ijén.

وَإِن لَّمْ تُؤْمِنُوا لِى فَاعْتَزِلُونِ ﴿٢١﴾

22 Dhèwèké banjur anguwuh Pangérané: Punika kaum ingkang sami dosa.

فَدَعَا رَبَّهُۥٓ أَنَّ هٰٓؤُلَآءِ قَوْمٌ مُّجْرِمُونَ ﴿٢٢﴾

---

paceklik lan kasusahan namani dhèwèké, nganti padha mangan balung lan bathang; sawijiné wong gawéné tumenga marang langit, dhèwèké nyumurupi barang kaya déné kukus ana ing antarané dhèwèké lan langit, sabab saka bangeting panandhangé.”

2270. Sajakipun piweca ing ngriki punika mecakaken bab prakawis titiyang Quraisy anggènipun badhé tansah kawon perangipun, wiwit prang Badr, sarta ingkang ing wasananipun lajeng mahanani sirnaning panguwaosipun nalika bedhahipun nagari Makkah. Ibnu Mas’ud ngandikakaken bilih paniksa kang gedhé punika ingkang dipun karsakaken prang Badr (Bkh). Pancèn nyata sirnaning panguwaosipun titiyang Quraisy punika wiwit nalika prang Badr, sarta sirnanipun babar pisan panguwaos wau nalika bedhahipun nagari Makkah.

2271. Kapèngetana, miturut Quran Suci ayahanipun Kanjeng Nabi Musa dhateng raja Fir’aun ingkang angka satunggal, punika mundhut supados titiyang Israil dipun lilani késah saking Mesir kaliyan panjenenganipun. Nanging satunggaling nabi, boten saged kèndel-kèndelan kémawon nguningani kawontenaning budipakartinipun titiyang Mesir ingkang risak punika; milanipun Kanjeng Nabi Musa inggih lajeng ngajak para titiyang wau supados sami ambucal pangandelipun gugon-tuhon tuwin lajeng sami puruna angèstu dhateng Pangéran satunggal ingkang sajati.

23 Banjur lunga karo para kawula-Ku ing wayaha bengi; sayekti sira bakal padha dioyak:

فَأَسْرِ بِعِبَادِي لَيْلًا إِنَّكُم مُّتَّبَعُونَ ﴿٢٣﴾

24 Lan tinggalen segara kang *ngelet-eleti*;[2272] sayekti dhèwèké iku wadayabala kang bakal kinelem.

وَاتْرُكِ الْبَحْرَ رَهْوًا ۖ إِنَّهُمْ جُندٌ مُّغْرَقُونَ ﴿٢٤﴾

25 Sapira baé kèhé patamanan lan susumberan padha katinggal!

كَمْ تَرَكُوا مِن جَنَّاتٍ وَعُيُونٍ ﴿٢٥﴾

26 Sarta pasawahan tuwin panggonan kang éndah-éndah!

وَزُرُوعٍ وَمَقَامٍ كَرِيمٍ ﴿٢٦﴾

27 Apa déné barang adiluhung kang kanggo padha among suka!

وَنَعْمَةٍ كَانُوا فِيهَا فَاكِهِينَ ﴿٢٧﴾

28 Iya kaya mangkono iku, sarta iku padha Ingsun warisaké marang
a. 1814 kaum liyané.[a]

كَذَٰلِكَ ۖ وَأَوْرَثْنَاهَا قَوْمًا آخَرِينَ ﴿٢٨﴾

29 Lah langit lan bumi ora padha nangisi dhèwèké, sarta dhèwèké ora padha disumenèkaké.[2273]

فَمَا بَكَتْ عَلَيْهِمُ السَّمَاءُ وَالْأَرْضُ وَمَا كَانُوا مُنظَرِينَ ﴿٢٩﴾

RUKU' 2

Saé lan awon sami wonten walesipun

30-33. Turun Israil dipun wilujengaken saking Fir'aun. 34-36. Titiyang Quraisy ngemohi tatanggelaning pandamel. 37. Leburipun tiyangipun Sang Tubba'. 38-42. Pancasan punika sampun tartamtu.

30 Lan sayekti, temen Ingsun anylametaké turun Israil saka ing siksa kang ngasoraké,

وَلَقَدْ نَجَّيْنَا بَنِي إِسْرَائِيلَ مِنَ الْعَذَابِ الْمُهِينِ ﴿٣٠﴾

2272. *Rahwa* punika gadhah teges warni-warni. Kadosta ateges *papan ingkang angglodhog wonten ing saantawisipun barang kakalih* (TA); tumrap ing ngriki saganten utawi bengawan wau dados papan ingkang ngantawisi antawisipun titiyang Israil kaliyan titiyang Mesir.

Tembung wau ugi ateges *jenjem* (TA), mengku teges ing saganten boten wonten prahara nalika dipun tilar titiyang Israil, milanipun sareng titiyang Mesir nyumerepi saganten wau jenjem lan antheng, sanalika lajeng sami ngetut wingking titiyang Israil. Utawi *rahwa* punika ateges *lumampah kanthi sakéca*, mengku teges titiyang Israil sami lumampah terus tanpa mawi ajrih manawi ketututan.

2273. Nangisi tiyang pejah punika tegesipun ngèngeti kalakuwanipun ingkang saé utawi pandamelipun ingkang saé, ingkang asring kémawon murugaken mripat angembeng eluh. Déné *langit lan burni ora padha nangisi dhèwèké*, punika mengku teges bilih piyambakipun boten gadhah sasambetan kaliyan Pangéran, lan boten nindakaken punapa-punapa ingkang murakabi ing manusa, ingkang murugaken kalakuwanipun ingkang saé dipun èngeti, ing langit utawi ing bumi.

31 Saka Fir'aun: sayekti dhèwèké iku kumalungkung (sarta) panunggalané para kang mlangkah wates.

مِنْ فِرْعَوْنَ ۚ إِنَّهُ كَانَ عَالِيًا مِّنَ الْمُسْرِفِينَ ﴿٣١﴾

32 Lan sayekti, temen Ingsun amilih dhèwèké kalawan ngèlmu-Ningsun angungkuli para bangsa-bangsa.

وَلَقَدِ اخْتَرْنَاهُمْ عَلَىٰ عِلْمٍ عَلَى الْعَالَمِينَ ﴿٣٢﴾

33 Sarta wus padha Ingsun paringi timbalan-timbalan, kang ing jeroné isi nugraha kang tétéla.

وَآتَيْنَاهُم مِّنَ الْآيَاتِ مَا فِيهِ بَلَاءٌ مُّبِينٌ ﴿٣٣﴾

34 Sayekti, iki temen padha calathu:

إِنَّ هَٰؤُلَاءِ لَيَقُولُونَ ﴿٣٤﴾

35 Ora ana apa-apa kajaba patiku kang sapisan sarta aku ora bakal padha di tangèkaké manèh.

إِنْ هِيَ إِلَّا مَوْتَتُنَا الْأُولَىٰ وَمَا نَحْنُ بِمُنشَرِينَ ﴿٣٥﴾

36 Lan mara padha tekakna bapak-bapakku, manawa kowé iku padha wong temen.

فَأْتُوا بِآبَائِنَا إِن كُنتُمْ صَادِقِينَ ﴿٣٦﴾

37 Apa dhèwèké (kang) luwih becik apa kaumé Tubba',[2274] sarta para kang padha (urip) ing sadurungé? Iku wus padha Ingsun lebur, amarga sayekti, iku padha wong dosa.

أَهُمْ خَيْرٌ أَمْ قَوْمُ تُبَّعٍ وَالَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ أَهْلَكْنَاهُمْ ۖ إِنَّهُمْ كَانُوا مُجْرِمِينَ ﴿٣٧﴾

38 Lan anggon-Ingsun anitahaké langit-langit lan bumi sarta sabarang kang ing saantarané, iku ora pisan-pisan dodolanan.

وَمَا خَلَقْنَا السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا لَاعِبِينَ ﴿٣٨﴾

39 Anggon Ingsun anitahaké sakaroné iku ora liya kajaba kalawan kasunyatan, ananging sing akèh padha ora weruh.

مَا خَلَقْنَاهُمَا إِلَّا بِالْحَقِّ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٩﴾

Ut. *pamrih* 40 Sayekti, dina *pancasan* iku wayahé kang wus tinamtu, kabèh baé;

إِنَّ يَوْمَ الْفَصْلِ مِيقَاتُهُمْ أَجْمَعِينَ ﴿٤٠﴾

2274. Para nata Hamyari punika sami ngagem jujuluk Tubba' (Kf, JB).

41 Dina, kang ing kono mitra ora bakal migunani sathithik-thithika marang mitra, sarta ora bakal padha tinulungan,

يَوْمَ لَا يُغْنِي مَوْلًى عَنْ مَوْلًى شَيْئًا وَلَا هُمْ يُنْصَرُونَ ﴿٤١﴾

42 Kajaba wong kang olèh wilasaning Allah; sayekti, Panjenengané iku Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Mahaasih.

إِلَّا مَنْ رَحِمَ اللَّهُ ۚ إِنَّهُ هُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ﴿٤٢﴾

RUKU' 3

Saé sarta awon sami wonten walesipun

43-50. Panandhangipun titiyang ingkang lampah awon. 51-57. Para angèstu sami angsal begja. 58, 59. Kedah sami angentosi wusananipun.

a. 2111 43 Sayekti, wit Zaqqum iku,[a]

إِنَّ شَجَرَتَ الزَّقُّومِ ﴿٤٣﴾

44 Panganing para wong dosa,

طَعَامُ الْأَثِيمِ ﴿٤٤﴾

45 Kaya endheg-endheging lenga; iku bakal umob ana ing jeroning weteng-weteng(-é),

كَالْمُهْلِ ۚ يَغْلِي فِي الْبُطُونِ ﴿٤٥﴾

46 Kaya umobing wédang.

كَغَلْيِ الْحَمِيمِ ﴿٤٦﴾

47 Cekelen iku sarta larakan menyang tengahing naraka;

خُذُوهُ فَاعْتِلُوهُ إِلَىٰ سَوَاءِ الْجَحِيمِ ﴿٤٧﴾

48 Banjur endhasé sokana siksa wédang umob:

ثُمَّ صُبُّوا فَوْقَ رَأْسِهِ مِنْ عَذَابِ الْحَمِيمِ ﴿٤٨﴾

49 Rasakna; satuhu kowé iku kang kinawasa, kang minulya:[2275]

ذُقْ ۚ إِنَّكَ أَنْتَ الْعَزِيزُ الْكَرِيمُ ﴿٤٩﴾

50 Sayekti, iki barang kang koanggo papadon kaé.

إِنَّ هَٰذَا مَا كُنْتُمْ بِهِ تَمْتَرُونَ ﴿٥٠﴾

51 Sayekti, wong kang anjaga dhiriné (saka ing ala) iku padha ana ing panggonan kang mitayani.

إِنَّ الْمُتَّقِينَ فِي مَقَامٍ أَمِينٍ ﴿٥١﴾

2275. Ayat-ayat ing nginggil anggambaraken kawontenanipun ing nglebet para titiyang ingkang wonten ing nagarinipun dados tiyang ingkang luhur tuwin kajèn-kèringan, kadamel teluk dhateng tiyang ingkang dipun inakaken tuwin dipun kaniaya. Bab punika sampun katerangaken sacekapipun wonten ing 1442.

فِيْ جَنّٰتٍ وَّعُيُوْنٍ ۚ﴿۵۲﴾

52 Ing patamanan lan susumberan;

يَّلْبَسُوْنَ مِنْ سُنْدُسٍ وَّ اِسْتَبْرَقٍ مُّتَقٰبِلِيْنَ ۚ﴿۵۳﴾

53 Bakal padha manganggo sutra alus lan kandel, (padha lungguh) adhep-adhepan.

كَذٰلِكَ ۟ وَ زَوَّجْنٰهُمْ بِحُوْرٍ عِيْنٍ ؕ﴿۵۴﴾

54 (Iya bakal) kaya mangkono (iku), sarta bakal padha Ingsun jodhokaké karo kang padha suci
a. 2356 lan éndah.[a]

يَدْعُوْنَ فِيْهَا بِكُلِّ فَاكِهَةٍ اٰمِنِيْنَ ۙ﴿۵۵﴾

55 Ana ing kono bakal padha anguwuh sarupaning wowohan kalawan salamet;

لَا يَذُوْقُوْنَ فِيْهَا الْمَوْتَ اِلَّا الْمَوْتَةَ الْاُوْلٰى ۚ وَوَقٰىهُمْ عَذَابَ الْجَحِيْمِ ۙ﴿۵۶﴾

56 Ana ing kono ora bakal ngrasakaké pati, kajaba pati kang sapisanan kaé, sarta Panjenengané bakal angreksa dhèwèké saka siksa naraka.

فَضْلًا مِّنْ رَّبِّكَ ؕ ذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ﴿۵۷﴾

57 Nugraha saka Pangéranira; iki pakolèh kang gedhé.

فَاِنَّمَا يَسَّرْنٰهُ بِلِسَانِكَ لَعَلَّهُمْ يَتَذَكَّرُوْنَ ﴿۵۸﴾

58 Mulané, Ingsun anggampangaké iku kalawan basanira, supaya dhèwèké padha élinga.

فَارْتَقِبْ اِنَّهُمْ مُّرْتَقِبُوْنَ ع ﴿۵۹﴾

59 Mulané sira angentènana; sayekti, dhèwèké iku iya padha angentèni.

سورة الجاثية مكية (٤٥) آياتها ٣٧ ركوعاتها ٤

SURAT 45

AL-JÂTSIYAH

(*Jèngkèng*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*4 ruku', 37 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Angemohi wahyuning Pangéran.
Ruku' 2. Kasunyatanipun (wahyu) Quran Suci.
Ruku' 3. Angemohi pancasan.
Ruku' 4. Risakipun.

Katerangan gerban

Punika surat ingkang kaping nem tumrap golongan *Hâmîm*. Nama punika kapirid saking ayat 28 ingkang mangandikakaken bilih saben umat sami jèngkèng marak wonten ing ngarsaning kawasanipun Pangéran ingkang agung, manut kawontenanipun piyambak-piyambak. Kalih ruku' ingkang wiwitan mangandikakaken bab wahyunipun Pangéran. Wahyu punika saking ngarsanipun Pangéran Ingkang-Mahaluhur, Ingkang-Mahawicaksana, sarta menggahing kayektènipun kathah tandhayektinipun; nanging para kafir sami angemohi. Tandhayektining kayektènipun Quran kasebutaken wonten ing ruku' ingkang kaping kalih, sawenèh saking tandhayakti wau inggih punika janji kamenangan dhateng para ingkang sami purun andhèrèk punapa déné kanyataaning wahananipun piweca ingkang rumiyin, ingkang mecakaken Quran wau. Ruku' ingkang kaping tiga nyebutaken bab pancasan tuwin anggènipun angemohi para kafir, margi saking wangkoting manahipun. Ruku' ingkang kaping sakawan mangandikakaken leburipun para kafir lan anggènipun kagentosan déning para angèstu.

RUKU' 1

Angemohi wahyuning Pangéran

1-2. Wewedhar Quran Suci. 3-6. Wewedharipun Pangéran ingkang wonten salebeting pakarya-Nipun. 7-11. Ingkang sami angemohi badhé sami pinidana.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

a. 2171 1 Allah Ingkang-Ingalembana, Ingkang-Minulya.[a]

حٰمٓ ﴿١﴾

2 Wewedhar Kitab iku saka ing Allah, Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Wicaksana.

تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ مِنَ اللّٰهِ الْعَزِيْزِ الْحَكِيْمِ ﴿٢﴾

3 Sayekti ing dalem langit-langit lan bumi iku temen ana tandha-tandha tumrap para angèstu.

إِنَّ فِي السَّمٰوٰتِ وَالْأَرْضِ لَاٰيٰتٍ لِّلْمُؤْمِنِيْنَ ﴿٣﴾

4 Sarta ing dalem kadadianira (dhéwé) tuwin (ing dalem) kéwan-kéwan kang diwartakaké déning Panjenengané, iku ana tandha-tandha tumrap wong kang padha yakin;

وَفِيْ خَلْقِكُمْ وَمَا يَبُثُّ مِنْ دَآبَّةٍ اٰيٰتٌ لِّقَوْمٍ يُّوْقِنُوْنَ ﴿٤﴾

5 Apa déné (ing dalem) gilir gumantiné wengi lan rina sarta (ing dalem) rijeki kang tinurunaké déning Allah saka ing mendhung, banjur diagem anguripaké bumi sawisé matiné, tuwin (ing dalem) owah-owahing angin, iku ana tandha-tandha tumrap wong kang
a. 203 padha ngerti.[a]

وَاخْتِلَافِ الَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَمَآ أَنْزَلَ اللّٰهُ مِنَ السَّمَآءِ مِنْ رِّزْقٍ فَأَحْيَا بِهِ الْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا وَتَصْرِيْفِ الرِّيٰحِ اٰيٰتٌ لِّقَوْمٍ يَّعْقِلُوْنَ ﴿٥﴾

6 Iki timbalan-timbalaning Allah, kang Ingsun wacakaké marang sira kalawan kasunyatan; lah banjur padha angèstu marang undhang apa sawisé Allah lan timbalan-timbalan-É?

تِلْكَ اٰيٰتُ اللّٰهِ نَتْلُوْهَا عَلَيْكَ بِالْحَقِّ ۚ فَبِأَيِّ حَدِيْثٍۭ بَعْدَ اللّٰهِ وَاٰيٰتِهٖ يُؤْمِنُوْنَ ﴿٦﴾

7 Cilaka tumrap sarupané wong goroh kang dosa,

وَيْلٌ لِّكُلِّ أَفَّاكٍ أَثِيْمٍ ﴿٧﴾

8 Kang ngrungu timbalan-timbalaning Allah winacakaké marang dhèwèké banjur ambegedud gumedhé, kaya ora krungu-krungua;
b. 402 mulané dhèwèké undhangana[b] siksa kang nglarani.

يَّسْمَعُ اٰيٰتِ اللّٰهِ تُتْلٰى عَلَيْهِ ثُمَّ يُصِرُّ مُسْتَكْبِرًا كَأَنْ لَّمْ يَسْمَعْهَا ۚ فَبَشِّرْهُ بِعَذَابٍ أَلِيْمٍ ﴿٨﴾

9 Lan samangsa weruh sathithik-sathithik timbalan-timbalaning Allah, dianggo guguyon; yaiki kang bakal padha olèh siksa kang ngasoraké.

وَإِذَا عَلِمَ مِنْ اٰيٰتِنَا شَيْـًٔا اتَّخَذَهَا هُزُوًا ۗ أُولٰٓئِكَ لَهُمْ عَذَابٌ مُّهِيْنٌ ﴿٩﴾

Ar. *lan ora*

10 Ing sangarepé dhèwèké naraka, lan apa kang wus padha pinakolih ora bakal makolèhi marang dhèwèké sathithik-thithika, *mangkono uga* apa kang dialap dadi pangayoman saliyané Allah, sarta bakal padha olèh siksa kang gedhé.

مِنْ وَّرَآئِهِمْ جَهَنَّمُ ۚ وَلَا يُغْنِىْ عَنْهُمْ
مَّا كَسَبُوْا شَيْـًٔا وَّلَا مَا اتَّخَذُوْا مِنْ
دُوْنِ اللّٰهِ اَوْلِيَآءَ ۚ وَلَهُمْ عَذَابٌ عَظِيْمٌ ؕ﴿۱۰﴾

11 Iki tuntunan; lan para kang angafiri marang timbalan-timbalan Pangérané, iku bakal padha olèh siksa kang anglarani amarga saka jember(-é).

هٰذَا هُدًى ۚ وَالَّذِيْنَ كَفَرُوْا بِاٰيٰتِ رَبِّهِمْ
لَهُمْ عَذَابٌ مِّنْ رِّجْزٍ اَلِيْمٌ ﴿۱۱﴾

RUKU' 2

Kasunyatanipun wahyu Quran Suci

12-15. Janji kamenangan dhateng para angèstu. 16-17. Weca badhé rawuhipun Kanjeng Nabi. 18-21. Quran punika tuntunan sejati.

12 Allah iku Kang ambangun turutaké sagara marang sira, supaya prau padha lumaku ing kono kalawan paréntahing Panjenengané sarta supaya sira padha ngupayaa lubèring paparing-É, lan supaya sira padha sukur.

اَللّٰهُ الَّذِىْ سَخَّرَ لَكُمُ الْبَحْرَ لِتَجْرِىَ
الْفُلْكُ فِيْهِ بِاَمْرِهٖ وَلِتَبْتَغُوْا مِنْ
فَضْلِهٖ وَلَعَلَّكُمْ تَشْكُرُوْنَ ﴿۱۲﴾

13 Sarta ambangun-turutaké marang sira apa kang ana ing langit-langit lan apa kang ana ing bumi, kabèh baé, saka Panjenengané; sayekti, ing kono iku temen ana tandha-tandha tumrap wong kang padha mikir-mikir.

وَسَخَّرَ لَكُمْ مَّا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى
الْاَرْضِ جَمِيْعًا مِّنْهُ ؕ اِنَّ فِىْ ذٰلِكَ
لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّتَفَكَّرُوْنَ ﴿۱۳﴾

14 Calathua marang para kang padha angèstu: Angapuraa marang para kang padha ora wedi ing dinané Allah,[2276] supaya Panjenengané angganjara marang wong tumrap apa kang wus padha *dilakoni.*

Ut. *pinakolih*

قُلْ لِّلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا يَغْفِرُوْا لِلَّذِيْنَ
لَا يَرْجُوْنَ اَيَّامَ اللّٰهِ لِيَجْزِىَ قَوْمًۢا بِمَا
كَانُوْا يَكْسِبُوْنَ ﴿۱۴﴾

2276. Dintening Allah punika peperangan-peperangan, ingkang ing ngriku fihakipun para tiyang tulus badhé angsal kamenangan (mirsanana 1298). Dhawuh punika mratandhakaken bilih ing ayat kakalih ingkang sampun, punika mengku janji dhateng para titiyang mukminin, bilih badhé menang wonten ing donya punika, tuwin badhé kuwaos wonten ing dharatan tuwin ing saganten.

15 Sapa sing nglakoni kabecikan, lah iku makolèhi marang jiwané dhéwé, lan sapa sing nglakoni prakara ala, iku mitunani marang awaké dhéwé; tumuli marang Pangéranira anggonira bakal padha binalèkaké.

مَنْ عَمِلَ صَالِحًا فَلِنَفْسِهِۦ ۖ وَمَنْ
أَسَآءَ فَعَلَيْهَا ۖ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُمْ تُرْجَعُونَ ﴿١٥﴾

16 Lan sayekti, temen Ingsun wus aparing Kitab lan kawicaksanan sarta kanabian marang turuning Israil, sarta padha Ingsun rijekèni kang becik-becik, apa déné padha Ingsun utamakaké angungkuli sakèhing bangsa.[a]

a. 77

وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ٱلْكِتَٰبَ
وَٱلْحُكْمَ وَٱلنُّبُوَّةَ وَرَزَقْنَٰهُم مِّنَ
ٱلطَّيِّبَٰتِ وَفَضَّلْنَٰهُمْ عَلَى ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿١٦﴾

17 Lan padha Ingsun paringi bukti-buktining prakara iku[2277] kang terang, ananging ora ana padha sulaya kajaba sawisé kawruh tumeka marang dhèwèké, amarga saka padha *cengil-cinengil* dhéwé; sayekti, ing dina kiyamat Pangéranira bakal amancasi *dhèwèké* tumrap prakara kang ing kono dhèwèké padha sulaya.

Ut. *mirong*

Ar. *antarané dhèwèké*

وَءَاتَيْنَٰهُم بَيِّنَٰتٍ مِّنَ ٱلْأَمْرِ ۖ فَمَا
ٱخْتَلَفُوٓا۟ إِلَّا مِنۢ بَعْدِ مَا جَآءَهُمُ
ٱلْعِلْمُ بَغْيًۢا بَيْنَهُمْ ۚ إِنَّ رَبَّكَ يَقْضِى
بَيْنَهُمْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ فِيمَا كَانُوا۟ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ﴿١٧﴾

18 Tumuli sira Ingsun dadèkaké *angambah dadalaning laku*; mulané nuruta iku sarta aja nurut pépénginané kang asor para kang padha ora weruh.

Ut. *anglenggahi syari'ating laku*

ثُمَّ جَعَلْنَٰكَ عَلَىٰ شَرِيعَةٍ مِّنَ ٱلْأَمْرِ
فَٱتَّبِعْهَا وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَآءَ ٱلَّذِينَ
لَا يَعْلَمُونَ ﴿١٨﴾

19 Sayekti dhèwèké iku ora bakal padha makolèhi marang sira sathithik-thithika lumawan Allah; lan sayekti, para wong nganiaya iku sawiji marang sawijiné padha dadi mitra lan Allah iku pangayomané para kang anjaga dhiriné (saka ing ala).

إِنَّهُمْ لَن يُغْنُوا۟ عَنكَ مِنَ ٱللَّهِ شَيْـًٔا ۚ
وَإِنَّ ٱلظَّٰلِمِينَ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَآءُ بَعْضٍ ۖ
وَٱللَّهُ وَلِىُّ ٱلْمُتَّقِينَ ﴿١٩﴾

2277. *Prakawis* utawi *amr* ing ngriki punika ateges *kanabianipun Kanjeng Nabi Muhammad saw*, ingkang piweca-piwecanipun ingkang sakalangkung ceplos sampun kaparingaken dhateng titiyang Israil (Bd), Kula aturi mirsani ayat candhakipun, ing ngriku Kanjeng Nabi Muhammad saw. katuju ing dhawuh kalayan terang bilih kaparingan *prakawis* wau, déné angger-angger ingkang kaparingaken dhateng panjenenganipun kasebut شريعة من الامر

20 Iki bukti cetha tumrap para manusa sarta tuntunan tuwin wilasa tumrap wong kang padha yakin.

هَٰذَا بَصَآئِرُ لِلنَّاسِ وَهُدًى وَّرَحْمَةٌ لِّقَوْمٍ يُّوقِنُونَ ⑳

21 Apa para kang padha nglakoni panggawé ala ngira yèn bakal padha Ingsun dadèkaké kaya kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, padha uripé lan patiné?[2278] Ala panemuné iku.

أَمْ حَسِبَ الَّذِينَ اجْتَرَحُوا السَّيِّئَاتِ أَن نَّجْعَلَهُمْ كَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ سَوَآءً مَّحْيَاهُمْ وَمَمَاتُهُمْ ۚ سَآءَ مَا يَحْكُمُونَ ㉑

RUKU' 3

Angemohi Pancasan

22. Adil anglimputi jagad. 23. Titiyang awon. 24-26. Angafiri pancasan.

22 Lan Allah anitahaké langit-langit lan bumi kalawan kasunyatan, sarta supaya siji-sijining jiwa dipituwasi kalawan apa kang pinakolih tuwin ora padha dianiaya.

وَخَلَقَ اللَّهُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ بِالْحَقِّ وَلِتُجْزَىٰ كُلُّ نَفْسٍ بِمَا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ㉒

23 Lah apa ta sira ora sumurup
wong kang angalap pepénginé
kang asor dadi sesembahané, lan
a. 44 Allah anasaraké dhèwèké[a] atas
saking pangawruh[2279] sarta ama-
Ar. *cap* sang *kunci* ing pangrunguné lan
atiné tuwin andèkèki tutup ing
b. 21 pandelengé.[b] Lah sapa kang bisa
anuntun dhèwèké ing sawisé
Allah? Lah apa sira ora padha
angangen-angen?

أَفَرَءَيْتَ مَنِ اتَّخَذَ إِلَٰهَهُ هَوَاهُ وَأَضَلَّهُ اللَّهُ عَلَىٰ عِلْمٍ وَّخَتَمَ عَلَىٰ سَمْعِهِ وَقَلْبِهِ وَجَعَلَ عَلَىٰ بَصَرِهِ غِشَاوَةً ۗ فَمَن يَهْدِيهِ مِن بَعْدِ اللَّهِ ۗ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ ㉓

2278. Punika saged mengku suraos bilih para tiyang tulus punika boten sami kaliyan para tiyang duraka, ing dalem gesangipun utawi ing dalem pejahipun. Utawi saged mengku teges para tiyang duraka boten badhé sami manggih sakéca wonten ing dalem pejahipun (wonten ing kawontenan sasampuning pejah) kados ingkang dipun raosaken nalika sami wonten ing gesang sapunika punika (Bd). Utawi, iman lan nindakaken pandamel saé punika kasanépakaken kaliyan gesang, déné nindakaken pandamel awon kasanépakaken kaliyan pejah, awit pandamel saé punika adamel gesangipun manusa, déné pandamel awon mejahi manusa menggah ing ruhaniyahipun. Dados suraosipun dhawuh punika, nindakaken pandamel saé lan pandamel awon punika boten ngangsalaken garap ingkang sami, boten prabéda lan gesang lan pejah punika pancèn boten sami.

2279. Tembung *atas saking pangawruh* punika mengku teges, bilih Allah nguningani manah saha kalakuanipun tiyang tukang nguja pepénginanipun ingkang asor, tuwin nguningani bilih pandamelipun awon punika mesthi badhé mahanani piyambakipun kesasar.

24 Lah dhèwèké padha calathu: Ora ana liya kajaba kauripan donya iki; aku padha mati lan padha urip, lan ora ana kang anglebur aku kajaba waktu, lan dhèwèké padha ora duwé kawruh prakara iki; ora liya kajaba mung padha nyana.

وَقَالُوا مَا هِيَ إِلَّا حَيَاتُنَا الدُّنْيَا نَمُوتُ وَنَحْيَا وَمَا يُهْلِكُنَا إِلَّا الدَّهْرُ ۚ وَمَا لَهُمْ بِذَٰلِكَ مِنْ عِلْمٍ ۖ إِنْ هُمْ إِلَّا يَظُنُّونَ ﴿٢٤﴾

25 Lan samangsa timbalan-timbalan-Ingsun kang cetha diwacakaké marang dhèwèké, buktiné dhèwèké ora liya kajaba mung padha calathu: Bapak-bapakku padha tekakna (mréné manèh) manawa kowé iku padha wong temen.

وَإِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِمْ آيَاتُنَا بَيِّنَاتٍ مَا كَانَ حُجَّتَهُمْ إِلَّا أَنْ قَالُوا ائْتُوا بِآبَائِنَا إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ﴿٢٥﴾

26 Calathua: Allah iku anguripaké sira banjur agawé patinira tumuli bakal angimpun sira marang dina kiyamat, kang wis ora ana semang-semangé; ananging sing akèh manusa iku padha ora weruh.

قُلِ اللَّهُ يُحْيِيكُمْ ثُمَّ يُمِيتُكُمْ ثُمَّ يَجْمَعُكُمْ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ لَا رَيْبَ فِيهِ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٢٦﴾

RUKU' 4

Risakipun umat

27-29. Satunggal-tunggaling umat punika saged dhumawah ing karisakan 30. Para angèstu badhé angsal kamenangan. 31-35. Para akafir badhé manggih pidana. 36, 37. Kaluhuripun Pangéran badhé katetepaken.

27 Lan Kagunganing Allah karatoning langit-langit lan bumi iku; lan ing dina kalakoné titining mangsa ing dina iku para wong goroh bakal karusakan.

وَلِلَّهِ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ وَيَوْمَ تَقُومُ السَّاعَةُ يَوْمَئِذٍ يَخْسَرُ الْمُبْطِلُونَ ﴿٢٧﴾

28 Lan sira bakal nyumurupi siji-sijining umat padha jèngkèng; siji-sijining umat bakal padha diuwuh marang kitabé:[2280] ing dina iki sira bakal winales apa kang wus padha sira lakoni.

وَتَرَىٰ كُلَّ أُمَّةٍ جَاثِيَةً ۚ كُلُّ أُمَّةٍ تُدْعَىٰ إِلَىٰ كِتَابِهَا ۖ الْيَوْمَ تُجْزَوْنَ مَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٢٨﴾

2280. *Kitab* punika *kitabing pandamel*. Saben bangsa badhé anggadhahi kitab, punika nedahaken bilih umat utawi bangsa punika ugi pinancasan miturut pandamelipun. Angger-angger ingkang tumindak tumrap tiyang satunggal-satunggal, punika ugi tumindhak tumrap umat utawi bangsa. Umat

هَٰذَا كِتَابُنَا يَنطِقُ عَلَيْكُم بِالْحَقِّ ۚ إِنَّا
كُنَّا نَسْتَنسِخُ مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٢٩﴾

29 Iki kitab-Ingsun kang ngandhakaké kalawan nyata angenani sira; sayekti Ingsun iki anyathet apa kang wus padha sira lakoni.

فَأَمَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
فَيُدْخِلُهُمْ رَبُّهُمْ فِي رَحْمَتِهِ ۚ ذَٰلِكَ
هُوَ الْفَوْزُ الْمُبِينُ ﴿٣٠﴾

30 Wondéné para kang padha angèstu sarta anglakoni kabecikan, lah iku Pangérané bakal angleboké ing wilasa-Né; iki *pakolèh* kang tétéla.

Ut. *kabegjan*

وَأَمَّا الَّذِينَ كَفَرُوا أَفَلَمْ تَكُنْ آيَاتِي
تُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ فَاسْتَكْبَرْتُمْ وَكُنتُمْ
قَوْمًا مُّجْرِمِينَ ﴿٣١﴾

31 Déné para kang padha kafir lah apa ta timbalan-timbalan-Ingsun ora wus diwacakaké marang sira? Ananging sira padha gumedhé, lan sira iku wong kang padha dosa.

وَإِذَا قِيلَ إِنَّ وَعْدَ اللَّهِ حَقٌّ وَالسَّاعَةُ
لَا رَيْبَ فِيهَا قُلْتُم مَّا نَدْرِي مَا السَّاعَةُ
إِن نَّظُنُّ إِلَّا ظَنًّا وَمَا نَحْنُ بِمُسْتَيْقِنِينَ ﴿٣٢﴾

32 Lan samangsa dikandhani Sayekti janjining Allah iku nyata, *déné* titining mangsa ora ana semang-semangé prakara iki, sira padha calathu: Aku ora weruh titining mangsa iku, kiraku (iku ora bakal kalakon) kajaba mung pangangen-angen baé, lan ora pisan aku padha yakin.

Ar. *lan*

وَبَدَا لَهُمْ سَيِّئَاتُ مَا عَمِلُوا وَحَاقَ
بِهِم مَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ﴿٣٣﴾

33 Lan bakal cumetha marang dhèwèké alaning (kadadéané) apa kang wus padha dilakoni, lan apa kang wus padha diguguyu bakal anglimputi dhèwèké.

وَقِيلَ الْيَوْمَ نَنسَاكُمْ كَمَا نَسِيتُمْ
لِقَاءَ يَوْمِكُمْ هَٰذَا وَمَأْوَاكُمُ النَّارُ
وَمَا لَكُم مِّن نَّاصِرِينَ ﴿٣٤﴾

34 Lan bakal padha dipangandikani: Ing dina iki Ingsun *anglirwakaké* sira, kaya anggonira wus *anglirwakaké* dinanira sapatemon iki, sarta padununganira iku geni lan ora ana kang mitulungi marang sira;

Ar. *nglalèkaké*

Ar. *nglalèkaké*

punika pinancasan wonten ing gesang sapunika punika, dados manawi makaten dintenipun saben umat dipun ajak dhateng kitabipun, punika dinten dhumawahing leburipun umat wau.

35 Iku amarga déné sira padha anganggep guguyon timbalan-timbalaning Allah sarta sira padha kacinthung kauripan donya. Mulané ing dina iki dhèwèké ora padha diwetokaké saka ing kono sarta ora bakal padha dilegakaké.	ذٰلِكُمْ بِاَنَّكُمُ اتَّخَذْتُمْ اٰيٰتِ اللّٰهِ هُزُوًا وَّغَرَّتْكُمُ الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا ۚ فَالْيَوْمَ لَا يُخْرَجُوْنَ مِنْهَا وَلَا هُمْ يُسْتَعْتَبُوْنَ ﴿٣٥﴾
36 Mulané kagungané Allah (sakèhing) pangalembana iku, Pangéraning langit-langit lan Pangéraning bumi, Pangéraning kabèh ngalam.	فَلِلّٰهِ الْحَمْدُ رَبِّ السَّمٰوٰتِ وَرَبِّ الْاَرْضِ رَبِّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٣٦﴾
37 Sarta kagungané Panjenengané kaagungan ing langit-langit lan bumi iku, sarta Panjenengané iku Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Wicaksana.	وَلَهُ الْكِبْرِيَآءُ فِى السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۖ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ﴿٣٧﴾

(ركوعاتها ٤) سُوْرَةُ الْاَحْقَافِ مَكِّيَّةٌ (٤٦) (اٰياتها ٣٥)

SURAT 46

AL-AHQÂF

(*Gumuk wedhi*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*4 ruku', 35 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kasunyatanipun Wewedharing Sabda.
Ruku' 2. Pasaksèning Kasunyatan.
Ruku' 3. Pandumanipun kaum 'Ad.
Ruku' 4. Pèpènget.

Katerangan gerban

Punika surat ingkang pungkasan piyambak tumrap golongan *Hâ Mîm*, déné namanipun punika kapirid saking namanipun tanah pawedhèn, ingkang ugi dados sarananing ngrisak dhateng pancer 'Ad (ayat 21). Lalampahan punika kasebutaken minangka kanggé meméngeti para titiyang Arab, bilih samangsa nabinipun umat punika sampun katamtokakaken, saged kelampahan wonten ing saganten, kados déné lalampahanipun raja Fir'aun tuwin wadyabalanipun, utawi saged kelampahan wonten ing dharatan pawedhèn kados déné kawontenanipun pancer 'Ad.

Surat punika taksih nglajengaken bab ingkang kawarsitakaken wonten ing surat ingkang sampun, mangandikakaken kayektèning wahyu wonten ing ruku' ingkang sapisan tuwin mangandikakaken pasaksènipun yakti wonten ing ruku' ingkang kaping kalih. Kalih ruku' ingkang pungkasan piyambak sasampunipun nyebutaken nabinipun kaum 'Ad, lajeng nyebutaken pèpènget dhateng para ingkang sami angemohi yakti.

JUZ XXVI

RUKU' 1

Kasunyatanipun wahyuning Pangéran

1, 2. Quran Suci punika Wewedharing Pangéran. 3-6. Panembah pangéran kathah punika tanpa bukti. 7, 8. Wewedhar punika sanès anggitan. 9, 10. Pémut.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

a. 2171 1 Allah Ingkang-Ingalembana Ingkang-Minulya.[a]

حٰمٓ ۚ ﴿١﴾

2 Wewedhar Kitab iku saka ing Allah, Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Wicaksana.

تَنْزِيْلُ الْكِتٰبِ مِنَ اللّٰهِ الْعَزِيْزِ الْحَكِيْمِ ﴿٢﴾

3 Anggon-Ingsun anitahaké langit-langit lan bumi sarta apa kang ana ing saantarané iku ora liya kajaba kalawan kasunyatan sarta wawangen-mangsa kang wus tinamtu.[2281] Lan para kang padha kafir iku padha maléngos saka ing barang kang padha dipélingaké.

مَا خَلَقْنَا السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَمَا
بَيْنَهُمَآ اِلَّا بِالْحَقِّ وَاَجَلٍ مُّسَمًّى ۗ وَ
الَّذِيْنَ كَفَرُوْا عَمَّآ اُنْذِرُوْا مُعْرِضُوْنَ ۝٣

4 Calathua: Apa sira padha sumurup apa kang sira uwuh saliyané Allah? Tuduhna aku, endi bumi olèhé padha nitahaké, utawa apa padha duwé bagéan ing dalem (panggawéning) langit-langit? Nekakna *mréné* kitab kang sadurungé iki, utawa tilas-tilasing kawruh yèn kowé padha wong temen.

Ar. *marang aku*

قُلْ اَرَءَيْتُمْ مَّا تَدْعُوْنَ مِنْ دُوْنِ
اللّٰهِ اَرُوْنِيْ مَاذَا خَلَقُوْا مِنَ الْاَرْضِ
اَمْ لَهُمْ شِرْكٌ فِى السَّمٰوٰتِ ۗ اِيْتُوْنِيْ
بِكِتٰبٍ مِّنْ قَبْلِ هٰذَآ اَوْ اَثٰرَةٍ مِّنْ
عِلْمٍ اِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ۝٤

5 Lan sapa kang luwih sasar tinimbang wong kang anguwuh saliyané Allah, kang ora bakal nyembadani *panguwuhé* tumeka dina kiyamat, sarta marang panguwuhé padha anglirwakaké?

Ar. *marang dhèwèké*

وَمَنْ اَضَلُّ مِمَّنْ يَّدْعُوْا مِنْ دُوْنِ
اللّٰهِ مَنْ لَّا يَسْتَجِيْبُ لَهٗٓ اِلٰى يَوْمِ
الْقِيٰمَةِ وَهُمْ عَنْ دُعَاۤىِٕهِمْ غٰفِلُوْنَ ۝٥

6 Lan samangsa manusa wis padha diimpun, dhèwèké bakal dadi mungsuh sarta angemohi panembahé (marang dhèwèké).

وَاِذَا حُشِرَ النَّاسُ كَانُوْا لَهُمْ اَعْدَاۤءً
وَّكَانُوْا بِعِبَادَتِهِمْ كٰفِرِيْنَ ۝٦

7 Lan samangsa timbalan-timbalan-Ingsun kang wus terang iku diwacakaké marang dhèwèké, para kang padha angafiri marang kasunyatan nalika anekani awaké acalathu: Iki kamayan kang tétéla.

وَاِذَا تُتْلٰى عَلَيْهِمْ اٰيٰتُنَا بَيِّنٰتٍ قَالَ
الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لِلْحَقِّ لَمَّا جَاۤءَهُمْۙ هٰذَا
سِحْرٌ مُّبِيْنٌ ۗ ۝٧

8 Malah padha calathu: Iki anggitané dhéwé. Calathua: Yèn iku aku kang nganggit, lah ora

اَمْ يَقُوْلُوْنَ افْتَرٰىهُ ۗ قُلْ اِنِ افْتَرَيْتُهٗ

2281. Miturut Quran Suci jagad sawegung punika wonten kawitanipun lan ugi wonten pungkasanipun.

bakal kowé bisa nylametaké aku saka barang kang (tumeka) saka Allah;[2282] Panjenengané luwih angudanèni marang sabarang pangucapmu tumrap prakara iku: Wus cukup Panjenengané minangka saksi antarané aku lan *kowé*, lan Panjenengané iku Ingkang-Aparamarta, Ingkang-Mahaasih.[2283]

فَلَا تَمْلِكُونَ لِي مِنَ اللَّهِ شَيْئًا ۖ هُوَ أَعْلَمُ بِمَا تُفِيضُونَ فِيهِ ۖ كَفَىٰ بِهِ شَهِيدًا بَيْنِي وَبَيْنَكُمْ ۖ وَهُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ ⑧

9 Calathua: Aku iki dudu kawitaning para utusan,[2284] lan aku ora weruh apa kang bakal kalakon tumrap ing aku *lan* tumrap ing kowé: aku ora liya kajaba manut apa kang kawedharaké marang aku, lan aku iki ora liya kajaba jurupépéling kang tétéla.[2285]

قُلْ مَا كُنتُ بِدْعًا مِّنَ الرُّسُلِ وَمَا أَدْرِي مَا يُفْعَلُ بِي وَلَا بِكُمْ ۖ إِنْ أَتَّبِعُ إِلَّا مَا يُوحَىٰ إِلَيَّ وَمَا أَنَا إِلَّا نَذِيرٌ مُّبِينٌ ⑨

10 Calathua: Apa kowé wis padha angangen-angen, yèn iku saka ngarsaning Allah, *mangka* kowé angafiri iku, sarta saksi sawenèhing turun Israil wis anaksèni marang wong padhané awaké,[2286] lah dhèwèké angèstu, *kang mangka* kowé padha gumedhé; sayekti Allah iku ora anuntun wong padha atindak dudu.

Ar. *antarané kowé*

Ar. *lan*

قُلْ أَرَأَيْتُمْ إِن كَانَ مِنْ عِندِ اللَّهِ وَكَفَرْتُم بِهِ وَشَهِدَ شَاهِدٌ مِّن بَنِي إِسْرَائِيلَ عَلَىٰ مِثْلِهِ فَآمَنَ وَاسْتَكْبَرْتُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ ⑩

2282. Suraosipun, kowé ora bisa nyegah siksa kang ditibakaké Allah marang wong kang gawé-gawé wahyu (Bd, JB).

2283. Pantes pinèngetan, saben wonten dhawuh ingkang nyasmitakaken pidananipun para mengsah, kados déné dhawuh pratélan ingkang mungel: *Wus cukup Panjenengané minangka saksi antarané aku lan kowé*, mesthi nyebutaken ugi sifating Pangéran Mahaasih tuwin Mahangapura. Ingkang makaten punika kanggé anedahaken bilih ing dalem sifatipun Pangéran, Mahaasih punika tansah anglimputi.

2284. *Bid'un* punika tegesipun *gagrag anyar*, utawi *barang ingkang saweg katembèn wontenipun* (Q-LL). Ukara فلان بدع في هذا الامر punika tegesipun *ing dalem prakara iki si Suta iku kang wiwitan nindakaké*; *kang nindakaké iku sapisanan* (Msb-LL). Dhawuh ingkang andhawuhaken bilih Kanjeng Nabi Suci sanès kawitanipun para utusan, kawarna kados déné kapangandikakaken Kanjeng Nabi, punika minangka kanggé pèpènget, manawi kayektinipun Kanjeng Nabi punika dipun titipriksa, lah dipun titipriksaa sacara nitipriksa kayektènipun para andika nabi ingkang sampun-sampun.

2285. Kanjeng Nabi kadhawuhan walèh bilih boten uninga badhé kados pundi wasana kedadosanipun golongan kakalih ing tembé; nanging panjenenganipun ugi kadhawuhan andhawahaken bilih panjenenganipun punika lugu juru-pèpènget. Dados manawi makaten, boten uninganipun wau namung ateges boten uninga dhateng paprincènipun kémawon.

2286. Saksi saking antawisipun Bani Israil ingkang aneksèni *wong padhané awaké*, punika

RUKU' 2

Pasaksèning Kasunyatan

11,12. Pasaksènipun Kanjeng Nabi Musa. 13-20. Para mukmin sarta para kafir, ing salebeting gesangipun, badhé anaksèni kasunyatan.

11 Lan para kang padha kafir acalathu marang para kang padha angèstu: Manawa iku barang becik, ora bakal aku kadhisikan dhèwèké mrono. Lan sarèhné dhèwèké padha ora gelem dituntun sarana iku, mulané padha calathu: Iki panggorohan kuna.

وَقَالَ الَّذِينَ كَفَرُوا لِلَّذِينَ آمَنُوا
لَوْ كَانَ خَيْرًا مَّا سَبَقُونَا إِلَيْهِ ۚ
وَإِذْ لَمْ يَهْتَدُوا بِهِ فَسَيَقُولُونَ هَٰذَا
إِفْكٌ قَدِيمٌ ﴿١١﴾

Ar. *lan* a. 70

12 Lan ing sadurungé iku Kitabé Musa, iku panuntun sarta wilasa; *déné* iki, Kitab kang ambenerakéa[a] (iku) nganggo basa Arab,[2287] supaya apépélinga marang para kang padha atindak dudu, sarta (awéh) pawarta becik marang para kang alaku becik.

وَمِن قَبْلِهِ كِتَابُ مُوسَىٰ إِمَامًا وَ
رَحْمَةً ۚ وَهَٰذَا كِتَابٌ مُّصَدِّقٌ لِّسَانًا
عَرَبِيًّا لِّيُنذِرَ الَّذِينَ ظَلَمُوا وَ
بُشْرَىٰ لِلْمُحْسِنِينَ ﴿١٢﴾

13 Sayekti para kang padha calathu: Pangéranku iku Allah, sabanjuré tetep angambah dalan bener, lah ora bakal padha kataman wedi sarta ora bakal susah.

إِنَّ الَّذِينَ قَالُوا رَبُّنَا اللَّهُ ثُمَّ
اسْتَقَامُوا فَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ
وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿١٣﴾

14 Iki kang bakal padha manggon ing taman, ana ing kono pamanggoné: pituwasé barang kang wus padha dilakoni.

أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَنَّةِ خَالِدِينَ فِيهَا ۖ
جَزَاءً بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٤﴾

Kanjeng Nabi Musa: "Ingsun amasthi bakal anjumenengaké nabiné siji, Ingsun pundhut saka ing antarané para saduluré, iya *kaya sira mangkono* .... Ana déné sing sapa ora miturut marang dhawuh-Ingsun, kang dilahiraké terang saka ing asma-Ningsun, iku amasthi Ingsun siksa." (Pangandharing Toret 12: 18, 19). Dhawuh ingkang mungel: *apa kowé wis padha angangen-angen*, *yèn iku saka ngarsaning Allah, mangka kowé angafiri iku*, punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng pratélan ingkang kapethik ing nginggil wau ingkang wekasan.

2287. Ingkang dipun karsakaken dhawuh punika prakawis ingkang dados rembag wonten ing ayat 10, ingkang mangandikakaken piwecanipun Kanjeng Nabi Musa. Ing ngriki Quran angundhangaken anggènipun anjangkepi wahananipun piweca wau. Déné kasebutaken bilih ngagem basa Arab, punika mengku teges bilih rawuhipun Kanjeng Nabi punika saking antawisipun darah 'Isma'il, ingkang basanipun basa Arab. Punika gelar yekti ingkang sampun kasebutaken wonten ing piwecanipun Kanjeng Nabi Musa piyambak.

وَوَصَّيْنَا الْإِنْسَانَ بِوَالِدَيْهِ إِحْسَانًا ۖ
حَمَلَتْهُ أُمُّهُ كُرْهًا وَوَضَعَتْهُ كُرْهًا ۖ
وَحَمْلُهُ وَفِصَالُهُ ثَلَاثُونَ شَهْرًا ۚ حَتَّىٰ
إِذَا بَلَغَ أَشُدَّهُ وَبَلَغَ أَرْبَعِينَ سَنَةً
قَالَ رَبِّ أَوْزِعْنِي أَنْ أَشْكُرَ نِعْمَتَكَ
الَّتِي أَنْعَمْتَ عَلَيَّ وَعَلَىٰ وَالِدَيَّ وَأَنْ
أَعْمَلَ صَالِحًا تَرْضَاهُ وَأَصْلِحْ لِي
فِي ذُرِّيَّتِي ۖ إِنِّي تُبْتُ إِلَيْكَ وَإِنِّي
مِنَ الْمُسْلِمِينَ ﴿١٥﴾

15 Lan Ingsun wus dhawuh marang manusa agawé becik marang wong tuwané loro; biyungé kalawan rekasa anggoné ngandhut dhèwèké lan kalawan rekasa anggoné anglahiraké dhèwèké; lan pangandhuté sarta panyapihé telung puluh sasi; nganti samangsa wus tumeka diwasané sarta tumeka patang puluh taun,[2287A] unjuké: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing dhateng kawula saged sukur ing nugraha Tuwan, ingkang sampun Tuwan nugrahakaken dhateng kawula saha dhateng tiyang sepuh kawula kakalih, tuwin saged kawula anindakaken kasaénan ingkang andadosaken pirena Tuwan, saha mugi Tuwan aparing kasaénan dhateng kawula tumrap turun kawula; saèstu kawula tobat ing Tuwan, saha saèstu kawula punika panunggilanipun para ingkang sami sumarah.

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ نَتَقَبَّلُ عَنْهُمْ أَحْسَنَ
مَا عَمِلُوا وَنَتَجَاوَزُ عَنْ سَيِّئَاتِهِمْ
فِي أَصْحَابِ الْجَنَّةِ ۖ وَعْدَ الصِّدْقِ
الَّذِي كَانُوا يُوعَدُونَ ﴿١٦﴾

16 Iki para kang padha Ingsun tarima becik-beciké apa kang wus padha dilakoni sarta Ingsun puwung alaning panggawéné, ing antarané para kang manggon ing taman; janji kasunyatan, kang wus dijanjèkaké marang dhèwèké.

وَالَّذِي قَالَ لِوَالِدَيْهِ أُفٍّ لَكُمَا
أَتَعِدَانِنِي أَنْ أُخْرَجَ وَقَدْ خَلَتِ
الْقُرُونُ مِنْ قَبْلِي وَهُمَا يَسْتَغِيثَانِ

17 Lan wong kang ngunèni wong tuwané loro: Ah, kowé wong loro! apa kowé padha ngancam marang aku, yèn aku bakal tinangèkaké, *mangka* ing sadurungé aku wis pirang-pirang umat kang *mati*? Lan sakaroné padha *nyuwun*

Ar. *lan*
Ut. *kaliwat*
Ut. *sambat marang*

2287A. Nitik dhawuh punika tétéla manawi diwasanipun manusa menggah ing ruhani, punika limrahipun manawi sampun umur kawan-dasa taun. Bukti ing atasipun bab punika ugi kacetha wutah gumelaring kawontenan, nalika Kanjeng Nabi Muhammad saw. tampi ayahaning Pangéran ambangun sagung para manusa, punika ugi nalika yuswa kawandasa taun.

اللّٰهَ وَيْلَكَ اٰمِنْۖ اِنَّ وَعْدَ اللّٰهِ حَقٌّۚ فَيَقُوْلُ مَا هٰذَآ اِلَّآ اَسَاطِيْرُ الْاَوَّلِيْنَ ١٧

pitulunging Allah: Cilaka kowé! angèstua, sayekti janjining Allah iku nyata. Ananging dhèwèké acalathu: Iki ora liya kajaba dhodhongèngan kuna.

اُولٰۤىِٕكَ الَّذِيْنَ حَقَّ عَلَيْهِمُ الْقَوْلُ فِيْٓ اُمَمٍ قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلِهِمْ مِّنَ الْجِنِّ وَالْاِنْسِۗ اِنَّهُمْ كَانُوْا خٰسِرِيْنَ ١٨

18 Yaiki para wong kang tinemu nyata sabda kang tumiba marang awaké, ing antarané para ummat jin lan manusa kang wus kaliwat ing sadurungé awaké; sayekti dhèwèké iku padha wong kapitunan.

وَلِكُلٍّ دَرَجٰتٌ مِّمَّا عَمِلُوْاۚ وَلِيُوَفِّيَهُمْ اَعْمَالَهُمْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُوْنَ ١٩

19 Lan kabèh baé padha olèh drajad manut apa kang wus padha dilakoni, supaya Panjenengané aparing liliru genep marang panggawé-panggawéné, sarta dhèwèké ora bakal padha dianiaya.

وَيَوْمَ يُعْرَضُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا عَلَى النَّارِۗ اَذْهَبْتُمْ طَيِّبٰتِكُمْ فِيْ حَيَاتِكُمُ الدُّنْيَا وَاسْتَمْتَعْتُمْ بِهَاۚ فَالْيَوْمَ تُجْزَوْنَ عَذَابَ الْهُوْنِ بِمَا كُنْتُمْ تَسْتَكْبِرُوْنَ فِى الْاَرْضِ بِغَيْرِ الْحَقِّ وَبِمَا كُنْتُمْ تَفْسُقُوْنَ ٢٠

20 Lan ing dinané para kang padha kafir padha diajokaké marang geni: Kowé wus padha angilangaké kabecikanmu ing kauripanmu ing donya, sarta iku padha koanggo seneng-seneng sadhéla; mulané ing dina iki kowé bakal padha diganjar siksa kang ngasoraké, amarga saka anggonmu padha gumedhé ana ing bumi kalawan ora bener sarta amarga anggonmu padha murang yekti.

RUKU’ 3

Pandumipun kaum ‘Ad

وَاذْكُرْ اَخَا عَادٍۗ اِذْ اَنْذَرَ قَوْمَهٗ بِالْاَحْقَافِ وَقَدْ خَلَتِ النُّذُرُ مِنْ بَيْنِ يَدَيْهِ وَمِنْ خَلْفِهٖٓ اَلَّا تَعْبُدُوْٓا

a. 904 21 Lan nyaritakna saduluré ‘Ad;[a] nalika dhèwèké apépéling marang kaumé ana ing ara-ara pawedhèn[2288] lan temen sadurungé dhèwèké lan sapungkuré dhèwèké wis ana juru-pépéling kang teka – calathuné: Aja padha ngawula sapa-

2288. Sadhèrèkipun satunggaling kaum punika tegesipun nabinipun: Kanjeng Nabi Hud, ingkang kautus dados nabi dhateng kaum ‘Ad wau. *Ahqâf* punika *jama’*-ipun *hiqf*, tegesipun *tumpukan wedhi*

إِلَّا اللّٰهَ ۗ إِنِّيْٓ اَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ عَظِيْمٍ ﴿٢١﴾

sapa kajaba Allah; sayekti aku iki nguwatiraké siksa ing dina kang agung marang sira.

قَالُوْٓا اَجِئْتَنَا لِتَأْفِكَنَا عَنْ اٰلِهَتِنَا ۚ فَأْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ اِنْ كُنْتَ مِنَ الصّٰدِقِيْنَ ﴿٢٢﴾

22 Dhèwèké padha calathu: Apa olèhmu nekani aku iki arep angéngokaké aku saka sesembahan-sesembahanku? Lah mara tekakna *mréné* apa kang koancamaké marang aku, manawa kowé iku panunggalané wong kang padha temen.

Ar. *marang aku*

قَالَ اِنَّمَا الْعِلْمُ عِنْدَ اللّٰهِ ۖ وَاُبَلِّغُكُمْ مَّآ اُرْسِلْتُ بِهٖ وَلٰكِنِّيْٓ اَرٰىكُمْ قَوْمًا تَجْهَلُوْنَ ﴿٢٣﴾

23 Calathua: Kawruh iku mung ana ngarsaning Allah, lan aku iki nekakaké marang sira ayahan anggonku kautus, ananging panyawangku sira iku kaum kang bénto.

فَلَمَّا رَاَوْهُ عَارِضًا مُّسْتَقْبِلَ اَوْدِيَتِهِمْ ۙ قَالُوْا هٰذَا عَارِضٌ مُّمْطِرُنَا ۗ بَلْ هُوَ مَا اسْتَعْجَلْتُمْ بِهٖ ۗ رِيْحٌ فِيْهَا عَذَابٌ اَلِيْمٌ ﴿٢٤﴾

24 Bareng dhèwèké padha weruh ana kaya mendhung katon ana ing langit gumulung amarani jujurangé, calathuné: Iki mendhung kang bakal angudani *ing kéné.* O, dudu! iku barang kang padha sira gégé, angin kang amot siksa kang nglarani,

Ar. *aku*

تُدَمِّرُ كُلَّ شَيْءٍۢ بِاَمْرِ رَبِّهَا فَاَصْبَحُوْا لَا يُرٰٓى اِلَّا مَسٰكِنُهُمْ ۗ كَذٰلِكَ نَجْزِى الْقَوْمَ الْمُجْرِمِيْنَ ﴿٢٥﴾

25 Bakal anglebur samubarang kalawan paréntahing Pangérané, banjur dadi padha ora ana katon (kumlendhang), kajaba padunungan-padunungané. Kaya mangkono iku anggon-Ingsun angganjar wong-wong dosa.

وَلَقَدْ مَكَّنّٰهُمْ فِيْمَآ اِنْ مَّكَّنّٰكُمْ فِيْهِ

26 Lan sayekti, temen dhèwèké padha Ingsun tetepaké ing barang kang sira padha ora Ingsun tetep-

utawi *gumuk wedhi ingkang wangunipun mlengkung* (TA-LL), tuwin *al-ahqâf* punika tartamtu kanggé namakaken sawenèh tanah pawedhèn lonjong ing laladan Asy-Syihr (TA-LL). Tuwan Rodwell tuwin Muir mastani padununganipun kaum ‘Ad punika wonten ing padusunan sakiwa-tengenipun Thaif sanèsipun malih ing Hadlaramaut. Pamanggih ingkang kantun punika ingkang leres, awit gambar kar tanah Arab piyambak sampun anedahaken kalayan pratéla. *Al-Ahqâf* punika dumunung wonten ing Hadlaramaut.

aké; lan dhèwèké pada Ingsun paringi pangrungu lan pandeleng sarta ati, ananging pangrunguné lan pandelengé sarta ati-atiné ora makolèhi apa-apa marang dhèwèké amarga saka anggoné padha angemohi timbalan-timbalaning Allah, sarta apa kang padha diguguyu anglimputi awaké.

وَجَعَلْنَا لَهُمْ سَمْعًا وَّأَبْصَارًا وَّأَفْئِدَةً
فَمَا أَغْنَىٰ عَنْهُمْ سَمْعُهُمْ وَلَا أَبْصَارُهُمْ
وَلَا أَفْئِدَتُهُم مِّن شَيْءٍ إِذْ كَانُوا
يَجْحَدُونَ بِآيَاتِ اللَّهِ وَحَاقَ بِهِم
مَّا كَانُوا بِهِ يَسْتَهْزِئُونَ ﴿٢٦﴾

RUKU' 4

Pèpènget

27, 28. Wuwulang ingkang wonten ing salebeting pandumipun para ingkang manggèn ing tepis-wiringanipun tanah Arab. 29-32. Para angèstu sawatawis. 33-35. Siksa punika mesthi andawahi para ingkang milawani.

27 Lan sayekti temen Ingsun wus anglebur kutha-kutha ing sakiwa-tengenira[2289] sarta Ingsun angambal-ambali timbalan-timbalan, supaya dhèwèké padha balia.

وَلَقَدْ أَهْلَكْنَا مَا حَوْلَكُم مِّنَ الْقُرَىٰ
وَصَرَّفْنَا الْآيَاتِ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿٢٧﴾

28 Lah yagéné para kang padha dialap sesembahan saliyané Allah ora mitulungi dhèwèké marek (marang Panjenengané)? O! iku tumrapé dhèwèké wis ilang; lan ya iki gorohé sarta barang olèhé padha gawé-gawé.

فَلَوْلَا نَصَرَهُمُ الَّذِينَ اتَّخَذُوا مِن
دُونِ اللَّهِ قُرْبَانًا آلِهَةً ۖ بَلْ ضَلُّوا
عَنْهُمْ ۚ وَذَٰلِكَ إِفْكُهُمْ وَمَا
كَانُوا يَفْتَرُونَ ﴿٢٨﴾

29 Lan nalika Ingsun amadhepaké jin sapantha marang sira, padha angrungokaké Quran;[2290] bareng wis padha teka mrono padha calathu: Padha menenga; bareng wis rampung, padha bali marang kaumé, apépéling.

وَإِذْ صَرَفْنَا إِلَيْكَ نَفَرًا مِّنَ الْجِنِّ
يَسْتَمِعُونَ الْقُرْآنَ ۚ فَلَمَّا حَضَرُوهُ
قَالُوا أَنصِتُوا ۖ فَلَمَّا قُضِيَ وَلَّوْا
إِلَىٰ قَوْمِهِم مُّنذِرِينَ ﴿٢٩﴾

2289. Kitha-kithanipun kaum 'Ad, Tsamud tuwin kitha Saba' punika sami dumunung wonten ing tape1-watesipun tanah Arab. Para titiyangipun kitha kerajan dipun pangandikani kawontenanipun kaum ingkang sami gesang wonten ing sakiwa-tengenipun, ingkang sami kalebur duk ing kina; para titiyang wau samia ngalap piwulang saking nasib ingkang dipun sandhang kaum-kaum wau.

2290. Jinn ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika sajakipun sawenèh panuntunipun pancer Yahudi, jalaran ing ayat sambetipun kapangandikakaken manawi para jinn wau sami angèstu dhateng Kanjeng Nabi Musa. Menggah ing sajatos-jatosipun, para jinn wau nunggil golongan kaliyan jinn ingkang kapangandikakaken ing 72: 1. Kateranganipun ingkang panjang kula aturi mirsani 2580.

30 Padha calathu: O, kaumku! aku mentas angrungokaké Kitab, kang kadhawuhaké sapungkuré Musa, ambeneraké apa kang ana
a. 70 sangarepé,[a] anuntun marang kasunyatan marang dalan kang bener:

قَالُوْا يٰقَوْمَنَآ اِنَّا سَمِعْنَا كِتٰبًا اُنْزِلَ
مِنْۢ بَعْدِ مُوْسٰى مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ
يَدَيْهِ يَهْدِيْٓ اِلَى الْحَقِّ وَ اِلٰى
طَرِيْقٍ مُّسْتَقِيْمٍ ﴿٣٠﴾

31 Padha calathu: O, kaumku! padha nampanana juru-pangajaking Allah sarta angèstu ing Panjenengané, Panjenengané bakal angapura marang sira ing kaluputanira sarta angayomi sira saka siksa kang nglarani.

يٰقَوْمَنَآ اَجِيْبُوْا دَاعِيَ اللّٰهِ وَ اٰمِنُوْا
بِهٖ يَغْفِرْ لَكُمْ مِّنْ ذُنُوْبِكُمْ وَ
يُجِرْكُمْ مِّنْ عَذَابٍ اَلِيْمٍ ﴿٣١﴾

32 Lan sapa sing ora nampani juru-pangajaking Allah, lah ora bakal bisa oncat ana ing bumi sarta ora bakal duwé pangayoman liyané Panjenengané: iki padha dumunung ing sasar kang tétéla.

وَ مَنْ لَّا يُجِبْ دَاعِيَ اللّٰهِ فَلَيْسَ
بِمُعْجِزٍ فِى الْاَرْضِ وَلَيْسَ لَهٗ مِنْ
دُوْنِهٖٓ اَوْلِيَآءُ ۗ اُولٰٓئِكَ فِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ﴿٣٢﴾

33 Apa dhèwèké ora padha sumurup, yèn Allah iku kang anitahaké langit-langit lan bumi, sarta ora nandhang sayah anggoné anitahaké iku, bisa anguripaké kang wus padha mati? Iya! sayekti Panjenengané iku marang samubarang kawasa.

اَوَلَمْ يَرَوْا اَنَّ اللّٰهَ الَّذِيْ خَلَقَ
السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَلَمْ يَعْيَ
بِخَلْقِهِنَّ بِقٰدِرٍ عَلٰٓى اَنْ يُّحْيِيَ الْمَوْتٰى ۗ
بَلٰٓى اِنَّهٗ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٣٣﴾

34 Lan ing dina nalikané para kang padha kafir diparakaké marang ngarep geni: Apa iki ora nyata? Padha matur: Inggih! dhemi Pangéran kawula. Panjenengané ngandika: Lah padha rasakna siksa iku, amarga saka anggonira padha angafiri.

وَيَوْمَ يُعْرَضُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا عَلَى
النَّارِ ۗ اَلَيْسَ هٰذَا بِالْحَقِّ ۗ قَالُوْا بَلٰى
وَرَبِّنَا ۗ قَالَ فَذُوْقُوا الْعَذَابَ بِمَا
كُنْتُمْ تَكْفُرُوْنَ ﴿٣٤﴾

35 Mulané sira disabar kaya anggoné sabar para utusan kang kasinungan ati santosa, sarta aja sira anggégé (siksa) tumrap dhèwèké.

فَاصْبِرْ كَمَا صَبَرَ اُولُوا الْعَزْمِ مِنَ
الرُّسُلِ وَلَا تَسْتَعْجِلْ لَّهُمْ ۗ كَاَنَّهُمْ

	Ing dina nalikané dhèwèké andeleng apa kang dijanjékaké marang dhèwèké, kaya-kaya olèhé padha manggon mung saejam wayah awan. Panerangan kang anyukupi! Lah sapa ta kang dilebur kajaba kaum kang murang yekti?	يَوْمَ يَرَوْنَ مَا يُوعَدُونَ لَمْ يَلْبَثُوٓا إِلَّا سَاعَةً مِّن نَّهَارٍ ۚ بَلَٰغٌ ۚ فَهَلْ يُهْلَكُ إِلَّا ٱلْقَوْمُ ٱلْفَٰسِقُونَ ۳۵

آياتها ٣٨ (٤٧) سُورَةُ مُحَمَّدٍ مَدَنِيَّةٌ ركوعاتها ٤

SURAT 47

MUHAMMAD

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*4 ruku', 38 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Ingkang sami milawani badhé sami pejah ing paprangan.
Ruku' 2. Para nindhes badhé dipun asoraken.
Ruku' 3. Tiyang ingkang alit manahipun.
Ruku' 4. Pémut.

Namanipun tuwin gathuking suraosipun

Surat punika kanamakaken surat *Muhammad*, tuwin ugi surat *Qitâl* utawi *Perang*. Nama ingkang sapisan wau kabekta saking surat punika mecakaken bilih para titiyang ingkang purun angèstu ing Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. punika mesthi badhé mindhak saé kawontenanipun wadhag. Nalika jaman tumurunipun surat punika para titiyang wau kalangkung déning ringkih kawontenanipun, kéndhang saking padununganipun perlu ngungsékaken gesangipun, tuwin wonten ing padununganipun énggal kaancam ing mengsah ingkang kiyat. Nama satunggalipun punika kabekta saking surat punika nerangaken bilih siksa ingkang kaancamaken dhateng para kafir, punika badhé dhumawahipun kalayan *peperangan*, ingkang wonten ing ngriku para bénggol-bénggolipun badhé nemahi curna; sanès-sanèsipun badhé dipun tawan, utawi dipun telukaken lan dipun asoraken. Kawontenan punika sampun saged suka ular-ular kados pundi sasambetanipun surat punika kaliyan surat ingkang wekasan piyambak tumrap golongan ingkang sampun. Ing surat wau pèpènget mèh badhé dhumawahipun siksa dhateng para mengsah kadhawuhaken marambah-rambah, ing surat punika kadhawuhaken kalayan terang, siksa wau badhé awujud punapa.

Ingkang kawarsitakaken

Surat punika kapérang dados kawan ruku'. Ingkang wiwitan piyambak mratélakaken bilih pambudidayanipun para ingkang sami nyegah ing tiyang sanès nampèni yakti, punika mesthi badhé atanpa guna; nanging para angèstu mesthi tumunten badhé langkung saé kawontenanipun; salajengipun katerangaken bilih éwahing kawontenan punika badhé kelampahan kalayan peperangan, salajengipun lajeng maringi pitedah bab tawanan perang. Ruku' ingkang kaping kalih ingkang sabagéan ageng kamligèkaken kanggé ngrembag bab prakawis punika ugi, sarta ing salajengipun nerangaken bilih Makkah mesthi badhé dipun telukaken, para kafir badhé dipun asoraken, para angèstu badhé menang. Ruku' ingkang kaping tiga nyebutaken para titiyang ingkang nganggep peperangan ingkang sinuci piyambak wonten ing dalem babad punika kadi déné satunggaling babaya, ingkang awit saking punika piyambakipun lajeng sami nganggé sikep lalamisan, saking sakedhik wangsul dhateng kakafiran. Ruku' ingkang kaping sakawan nyebutaken bilih badhé wonten pipisahan antawisipun para mukminin sajati kaliyan para lamis. Wekasanipun ugi mituturi para Muslimin, supados sami ngetog panyarempengipun nglabuhi yakti, awit manawi piyambakipun sami boten angsal damel, umat sanès ingkang badhé dipun jumenengaken minangka gegentosipun.

Titimangsaning tumurunipun

Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih tumurunipun surat punika kagolong ing jaman sadèrèngipun peperangan kaliyan titiyang Quraisy kawiwitan, nanging sampun tuwuh wonten kawontenan-kawontenan, ingkang nedahaken bilih peperangan sampun boten kénging dipun singkiri malih. Awit saking punika para mufassir ingkang kina-kina sami anggadhahi pamanggih bililh surat

RUKU' 1

Ingkang sami milawani badhé sami pejah ing paprangan

1-3. Pambudidayanipun para milawani badhé tanpa damel sarta kawontenanipun para angèstu badhé dipun saékaken. 4. Para kafir badhé sami kapupu ing paprangan. 5-7. Pitulung sarta kamenangan tumrap para angèstu. 8-11. Badhé leburipun para kafir.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Para kang padha kafir sarta nyimpang saka dadalaning Allah, Panjenengané bakal musprakaké panggawé-panggawéné.[2291]

اَلَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَصَدُّوْا عَنْ سَبِيْلِ اللّٰهِ اَضَلَّ اَعْمَالَهُمْ ①

2 Déné para kang padha angèstu sarta anglakoni kabecikan, apa déné padha angèstu marang apa kang katurunaké marang Muhammad – lan iku

وَالَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ وَاٰمَنُوْا بِمَا نُزِّلَ عَلٰى مُحَمَّدٍ وَّهُوَ

punika wahyu Makkiyah (Dk, I Jubair, Sudy AH), nanging pamanggih punika genah manawi lepat, jalaran ayat 13 sampun mangandikakaken kalayan terang bilih titiyang Makkah sampun nundhung Kanjeng Nabi saking Makkah. Langkung-langkung malih, nadyan idin perang punika terang kasebut wonten ing dhawuh-dhawuh ingkang tumurun ing Makkah (surat 22), dhawuh ingkang cetha-pratéla ing ngriki punika, tuwin dhawuh ingkang nyebutaken para titiyang ingkang ringkih manahipun sarta wangsul dados kafir (dados tiyang munafék) (ruku' 3), punika dados pasaksèn ingkang terang bilih surat punika wahyu Madaniyah. Sarta inggih makaten punika pamanggihipun para mufassir Muslimin ingkang sapérangan kathah. Saged ugi pépéranganipun surat punika wonten ingkang anggènipun katurunaken nalika salebetipun Kanjeng Nabi tindak hijrah saking Makkah, kados déné pamanggihipun sawenèh mufassir, nanging manawi kagerba sagemblenging surat, surat punika kénging kagolongaken ing wekdal taun Hijrah ingkang kaping sapisan, dados ing sadèrèngipun perang Badr. Ugi ing jaman punika anggènipun mastani tuwan Muir.

2291. *Adlallahu* sami kaliyan tembung *ahlakahu* (TA) utawi sami kaliyan tembung *adlâ'ahu* (S, TA) jawinipun ingkang angka satunggal *nglebur* utawi *ngrisak*, ingkang angka kalih: *musprakaken* utawi *ngaberaken*. Pandamel ingkang dipun wecakaken ayat punika bilih badhé wuk atanpa tilas, punika kasasmitakaken wonten ing dhawuh ingkang mungel: *kang padha kafir lan kang padha nyimpang saka dadalaning Allah*, inggih punika pandamelipun kafir, kadosta anggènipun nedha pitulung dhateng brahala-brahalanipun tuwin anggènipun sami ambudidaya badhé ngénggokaken tiyang saking agami Islam. Dados ayat punika mengku piweca, bilih para titiyang kafir badhé tinilar anggana boten wonten ingkang mitulungi, déné agami Islam lan titiyang Muslimin badhé manggih karaharjan, sarta pambudidayanipun para kafir sumedya anyirnakaken yakti, punika badhé wuk atanpa tabet. Pranyata ayat punika mengku salah satunggaling piweca ingkang angédab-édabaken, awit anggènipun katurunaken surat punika nalika jaman para mengsah-mengsahipun Islam wonten ing pucaking panguwaosipun ingkang inggil piyambak, tuwin ingkang katingalipun makaten kados saèstu kawasa badhé anyirnakaken ngantos ludhes agami Islam saking nagari Makkah, tur sampun samekta badhé nglebur ingkang kalayan ambabar pisani wonten ing Madinah.

الْحَقُّ مِنْ رَّبِّهِمْ ۙ كَفَّرَ عَنْهُمْ سَيِّاٰتِهِمْ وَ اَصْلَحَ بَالَهُمْ ②

kasunyatan saka Pangérané – Panjenengané bakal ambirat alané saka ing awaké sarta ambecikaké kaanané.[2292]

ذٰلِكَ بِاَنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوا اتَّبَعُوا الْبَاطِلَ وَ اَنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّبَعُوا الْحَقَّ مِنْ رَّبِّهِمْ ؕ كَذٰلِكَ يَضْرِبُ اللّٰهُ لِلنَّاسِ اَمْثَالَهُمْ ③

3 Iku amarga déné para kang padha kafir iku padha manut barang luput sarta déné para kang padha angèstu iku padha manut kasunyatan saka Pangérané; kaya mangkono anggoné Allah ada-damel tutuladhané tumrap para manusa.

فَاِذَا لَقِيْتُمُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا فَضَرْبَ الرِّقَابِ ؕ حَتّٰۤى اِذَاۤ اَثْخَنْتُمُوْهُمْ فَشُدُّوا الْوَثَاقَ ۙۗ فَاِمَّا مَنًّۢا بَعْدُ وَ اِمَّا فِدَآءً حَتّٰى تَضَعَ الْحَرْبُ اَوْزَارَهَا ۚ ۛ ذٰلِكَ ۛؕ

4 Mulané, samangsa sira padha katemu para kang padha kafir ana ing paprangan[2293] banjur sabeten gulunė, nganti samangsané wis padha sira kalahaké, padha dadék-na tawanan, tumuli sawisé (iku), apa sira luwari kalawan kadarman apa kalawan tebusan nganti perang *rampung*.[2294] Iku (bakal kalakon

Ar. *nyèlèh-aké gaga-mané*

2292. Punika ugi piweca, tunggilipun piweca ingkang sampun kasebut ing ayat ingkang sampun. Titiyang Muslimin ingkang wonten ing dhawuh ngriki kawecakaken badhé langkung sakéca kawontenanipun, ing wekdal wau kalangkung apes kawontenanipun. Sabagéan ageng sampun sami lumajeng saking griya padununganipun, prasasat tanpa sangu arta kanggé rumeksa gesangipun tuwin kanggé waragad dudunung wonten ing nagari Madinah; kawimbuhan malih ing Madinah inggih boten saged tentrem gesangipun, margi mengsah sampun mutusaken badhé numpes titiyang Muslimin wau sarana kagebag ing prang. Para Muslimin dipun pangandikani bilih pambudidayaning mengsah-mengsahipun badhé wuk atanpa gina, sarta kawontenanipun piyambak tumunten badhé langkung sakéca.

2293. Tembung ingkang dipun agem: *laqitum*, inggih punika saking tembung *liqâ*, miturut Kf tegesipun *harb*, jawinipun *tempuk prang*.

2294. Tembung *atskhana* ing dhawuh punika sampun katerangaken sacekapipun wonten ing 1024. Dhawuh punika nyebutaken ngemungaken manawi kados pundi kéngingipun nukup tiyang tawanan ing paprangan, dados ateges nglepataken nindakaken cara pangawulan aliyas ambubujeng tiyang, awit manawi cara pangawulan, wonten ing pundi kémawon tiyang kénging dipun tukup lajeng dipun sadé kadadosaken réncang-tumbasan. Ing ngriki kita kaparingan dhawuh kéngingipun nukup tiyang kukupan perang punika manawi sampun bibar tempak kaliyan mengsah wonten ing peperangan ingkang manut pranatan ingkang tumindhak. Malah nadyan makatena pisan, tiyang kukupan wau kedah dipun mar-dikakaken, sami ugi punapa anggènipun mardikakaken wau tuwuh saking bèrbudi, punapa sarana dipun tebus. Déné ingkang sampun katindakaken Kanjeng Nabi Suci, ingkang asring piyambak ngagem cara ingkang sapisan wau, inggih punika mardikakaken ingkang tuwuh saking bérbudining panggalihipun, liripun tanpa mundhut tebusan. Minangka conto, titiyang tawanan Bani Musthaliq, wonten tiyang satus gotrah dipun mardikakaken; titiyang Hawazin, wonten tiyang nem èwu ingkang dados tawanan perang, sadaya sami dipun mardikakaken blaka, tanpa mawi tebusan.Tumrap tiyang tawanan cacah pitungdasa ingkang katukup wonten ing Badr, wonten ingkang nyebutaken mawi tebusan; nanging punika nalika

Ut. *mundhut apa kang wus dadi masthiné*

mangkono); lan yèn ta Allah iku angarsakna, amasthi Panjenengané wus *anibakaké wawales* marang dhèwèké, ananging (mangkono iku) purihé Panjenengané arsa nyoba sawenèhira kalawan sawenèhé;[2295] déné para kang padha kaprajaya ing dadalaning Allah amasthi Panjenengané ora bakal amusprakaké panggawé-panggawéné.

وَلَوْ يَشَآءُ اللّٰهُ لَانْتَصَرَ مِنْهُمْ وَلٰكِنْ لِّيَبْلُوَاْ بَعْضَكُمْ بِبَعْضٍ ۗ وَالَّذِيْنَ قُتِلُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ فَلَنْ يُّضِلَّ اَعْمَالَهُمْ ④

5 Panjenengané bakal anuntun dhèwèké sarta ambecikaké kaanané,

سَيَهْدِيْهِمْ وَيُصْلِحُ بَالَهُمْ ⑤

6 Sarta anglebokaké taman, kang wus diparingaké weruh marang dhèwèké.[2296]

وَيُدْخِلُهُمُ الْجَنَّةَ عَرَّفَهَا لَهُمْ ⑥

7 O, para kang padha angèstu! manawa sira padha mitulungi (prakaraning) Allah, Panjenengané bakal mitulungi sira sarta anetepaké dalamakanira.

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِنْ تَنْصُرُوا اللّٰهَ يَنْصُرْكُمْ وَيُثَبِّتْ اَقْدَامَكُمْ ⑦

Islam taksih sakalangkung ringkih, tuwin mengsah ingkang sakalangkung kiyat sumedya badhé nyirnakaken Islam. Nadyan makatena ugi samangsa peperangan sampun rampung, nukup réncang-tumbasan kedah dipun kèndeli. Punika anedahaken kalayan terang bilih dhawuh ingkang kasebutaken wonten ing wiwitaning ayat wau, anggènipun kaparingaken margi ing wekdal tumuruning dhawuh wau wonten kawontenan perang, sanajan ta dèrèng ngantos kelampahan tempuk prang, sarta anedahaken bilih dhawuh wau namung tumindhak sadangunipun wonten peperangan.

2295. *Intashara min-hu* tegesipun *nandukaké piwales marang dhèwèké* (LA). utawi *anjaluk apa kang wus dadi mesthiné kalayan ganep marang dhèwèké* (TA-LL). Manawi nganggé teges ingkang sapisan, suraosipun: manawi Allah angarsakaken, Panjenenganipun yekti niksa para mengsahing Islam mawi sarana sanèsipun peperangan; nanging rèhning karsa-Nipun badhé niksa para mengsah wau sarana tanganipun titiyang Muslimin, milanipun perang kedah dipun wontenaken. Manawi teges ingkang kasebut ing margin ingkang dipun anggé, saged ugi mengku karsa wangsul dhateng dhawuh bab prakawis mardikakaken tiyang tawanan; jalaran, saupami titiyang Muslimin andhawahaken pidana dhateng piyambakipun miturut punapa mesthinipun, margi saking anggènipun sami atindak wengis dhateng para Muslimin, para Muslimin wenang mejahi piyambakipun, tur inggih nama anglenggahi adil. Nanging margi saking genging mahaasih-Ipun, Allah angarsakaken badhé maringi nugraha dhateng para kafir; sarta ingkang makaten wau alantaran medal saking tanganipun titiyang Muslimin.

2296. Suwarganipun gesang ing bénjing punika sampun kaparingaken sumerep dhateng para tiyang tulus wonten ing gesang sapunika punika, sarana maringi dhateng para tiyang tulus wau kamenangan kaliyan mengsah-mengsahipun; dados najan ing gesang sapunika punika para tiyang tulus sami saged ngicipi wohing pandamelipun. Sampun naté katerangaken, bilih suwarga ing gesang sapunika ingkang kajanjèkaken, punika tegesipun kamenangan, déné suwarga ing gesang ing bénjing, punika wohing pandamel saé ingkang katindakaken wonten ing donya ngriki.

8 Wondéné para kang padha kafir iku karusakan bagéané, sarta Dimusprakaké panggawé-panggawéné.

وَالَّذِينَ كَفَرُوا فَتَعْسًا لَّهُمْ وَأَضَلَّ أَعْمَالَهُمْ ﴿٨﴾

9 Iku amarga saka anggoné padha gething marang apa kang katurunaké déning Allah; mulané Panjenengané angilangaké panggawé-panggawéné.

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَرِهُوا مَا أَنزَلَ اللَّهُ فَأَحْبَطَ أَعْمَالَهُمْ ﴿٩﴾

10 Apa ta dhèwèké ora padha lalaku ing bumi sarta padha andeleng kapriyé wusanané para ing sadurungé: Allah wus anglebur dhèwèké, sarta bagéané para kafir iku sapadhané iku.

أَفَلَمْ يَسِيرُوا فِي الْأَرْضِ فَيَنظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ دَمَّرَ اللَّهُ عَلَيْهِمْ ۖ وَلِلْكَافِرِينَ أَمْثَالُهَا ﴿١٠﴾

11 Iku, amarga Allah iku Pangayomané para kang padha angèstu, sarta amarga para kafir iku padha ora duwé pangayoman.

ذَٰلِكَ بِأَنَّ اللَّهَ مَوْلَى الَّذِينَ آمَنُوا وَأَنَّ الْكَافِرِينَ لَا مَوْلَىٰ لَهُمْ ﴿١١﴾

RUKU' 2

Para nindhes badhé dipun asoraken

12, 13. Makkah badhé dipun telukaken. 14-19. Kawontenanipun para angèstu sarta para kafir kinosok-wangsul.

12 Sayekti, Allah bakal anglebokaké para kang padha angèstu sarta alaku becik marang patamanan, kang ing *jeroné* kaliné padha mili; *déné* para kang padha kafir padha abungah-bungah sarta mangan kaya pamangané raja-kaya, sarta geni iku padunungané.

Ar. *ngisoré*

Ar. *lan*

إِنَّ اللَّهَ يُدْخِلُ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۖ وَالَّذِينَ كَفَرُوا يَتَمَتَّعُونَ وَيَأْكُلُونَ كَمَا تَأْكُلُ الْأَنْعَامُ وَالنَّارُ مَثْوًى لَّهُمْ ﴿١٢﴾

13 Lan pira baé kutha kang luwih kuwat banget tinimbang kuthanira kang anundhung sira: iku wus padha Ingsun lebur, lan ora ana *kang mitulungi*.[2297]

Ar. *panulung tumrap dhèwèké*

وَكَأَيِّن مِّن قَرْيَةٍ هِيَ أَشَدُّ قُوَّةً مِّن قَرْيَتِكَ الَّتِي أَخْرَجَتْكَ أَهْلَكْنَاهُمْ فَلَا نَاصِرَ لَهُمْ ﴿١٣﴾

2297. Kitha ingkang nundhung Kanjeng Nabi Suci punika kitha Makkah. Badhé ambruking panguwaosipun, kawecakaken kalayan tembung ingkang terang wonten ing dhawuh ngriki punika.

14 Lah apa ta wong kang anglungguhi tandha yekti saka Pangérané iku padha karo wong kang alaning panggawéné pinaés-paés tumrap awaké sarta padha anuruti hawa napsuné.

أَفَمَن كَانَ عَلَىٰ بَيِّنَةٍ مِّن رَّبِّهِۦ كَمَن زُيِّنَ لَهُۥ سُوٓءُ عَمَلِهِۦ وَٱتَّبَعُوٓا۟ أَهْوَآءَهُم ﴿١٤﴾

15 Sanépané taman kang dijanjèkaké marang para kang anjaga dhiriné (saka ing ala) iku: Ing jeroné ana kali-kaliné *mili* banyu kang ora malih, lan kali-kali *mili* puwan kang ora malih rasané, sarta kali-kali *mili* sajeng, énak tumrap sing padha ngombé, apa déné kali-kali *mili* madu sinuci;[2298] lan ana ing kono padha olèh sarupaning wowohan tuwin pangayoman saka Pangérané.[2298A] (apa iki) padha karo wong kang manggon ing geni sarta kang padha diombèni banyu umob temah angrantasaké jeroané?

Ar. *saka*

Ar. *saka*

مَّثَلُ ٱلْجَنَّةِ ٱلَّتِى وُعِدَ ٱلْمُتَّقُونَ ۖ فِيهَآ أَنْهَٰرٌ مِّن مَّآءٍ غَيْرِ ءَاسِنٍ وَأَنْهَٰرٌ مِّن لَّبَنٍ لَّمْ يَتَغَيَّرْ طَعْمُهُۥ وَأَنْهَٰرٌ مِّنْ خَمْرٍ لَّذَّةٍ لِّلشَّٰرِبِينَ وَأَنْهَٰرٌ مِّنْ عَسَلٍ مُّصَفًّى ۖ وَلَهُمْ فِيهَا مِن كُلِّ ٱلثَّمَرَٰتِ وَمَغْفِرَةٌ مِّن رَّبِّهِمْ ۖ كَمَنْ هُوَ خَٰلِدٌ فِى ٱلنَّارِ وَسُقُوا۟ مَآءً حَمِيمًا فَقَطَّعَ أَمْعَآءَهُمْ ﴿١٥﴾

Sampun cetha bilih nalika ambrukipun ingkang ambabar pisani panguwaosipun titiyang Makkah wau, para titiyang Makkah boten sami dipun lebur; Kanjeng Nabi Suci inggih boten nandukaken pidana minangka pamales anggènipun sami damel piawon tuwin nganiaya dhateng para Muslimin. Kosokwangsulipun para titiyang wau sami dipun rengkuh kalayan saé, pangrengkuh ingkang tuwuh saking welas lan asih: ing babading donya dèrèng naté wonten bangsa ingkang kinaniaya menang kaliyan ingkang nganiaya, ngrengkuh saé dhateng ingkang nganiaya, mangka dados telukanipun. Suprandéné titiyang Makkah wau inggih boten nama tanpa angsal pidana. Ambrukipun déning tanganipun titiyang Muslimin, nama anjangkepi kanyataaning piweca-piweca ingkang sampun-sampun.

2298. Dipun pèngetana, gagambaran ingkang kadhawuhaken punika, boten teka ateges anyebutaken nugraha ing suwarga punika walaka kados makaten wau, awit nugraha ing suwarga punika nugraha "ingkang dèrèng naté tiningalan ing mripat, dèrèng naté kapireng ing talingan, sarta dèrèng naté kamrenteg wonten manahing manusa." Wangsul gagambaran punika namung sanépa, sanépa kanggé anedahaken kados punapa èmperipun nugraha ing suwarga wau. Sanépa punika boten namung anggambaraken kawontenanipun nugraha ing gesang sasampuning pejah kémawon, nanging ugi paring gagambaran dhateng para ingkang sami bekti ing Pangéran ing kawontenanipun tanah ingkang loh-jinawi, ingkang badhé dipun warisaken dhateng piyambakipun ing gesang sapunika punika ugi – inggih punika suwarga 'Adn (Eden) ingkang kasebut ing Purwaning dumados 2: 8; ing ngriku sawarnining barang wonten kalayan mluwah-mluwah; dados titiyang Muslimin kaparingan janji, kajawi nagari Makkah, badhé dipun paringi *Tanah Suci ing Syam*.

2298A. Lah punika tuladha sanès malih bab kanggènipun tembung *magfirah* ing Quran Suci; inggih punika anedahaken bilih boten mengku teges pangapuntening dosa, nanging ateges pangayoman saking sekeng, ingkang dados sifatipun manusa. Ing antawisipun nugraha ing suwarga ingkang mawarni-warni, ingkang badhé dipun panggih para ingkang sami lumebet ing suwarga, inggih punika *magfirah*. Sampun cetha manawi *magfirah* punika boten saged ateges *pangapunten*, awit manawi ing suwarga wonten *pangapunten*, ing ngriku mesthi wonten tiyang nindakaken dosa, lah manawi wonten tiyang nindakaken dosa, punika lajeng cengkah kaliyan gagambaranipun suwarga kados ingkang

16 Lan sawenèhé ana kang ang-
rungokaké marang sira, nganti
bareng wis padha metu saka nga-
repira acalathu marang para kang
sinungan kawruh: Mau dhèwèké
calathu apa? Iki para kang atiné
a. 21 wis padha diecap déning Allah[a]
sarta padha nuruti hawa napsuné.

وَمِنْهُمْ مَنْ يَسْتَمِعُ إِلَيْكَ ۚ حَتَّىٰ إِذَا خَرَجُوا مِنْ عِنْدِكَ قَالُوا لِلَّذِينَ أُوتُوا الْعِلْمَ مَاذَا قَالَ آنِفًا ۚ أُولَٰئِكَ الَّذِينَ طَبَعَ اللَّهُ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ وَاتَّبَعُوا أَهْوَاءَهُمْ ﴿١٦﴾

17 Déné para kang padha ngam-
bah dalan bener, iki Panjenengané
amewahi pituduh, sarta amaringi
Ar. *taqwa* (*ganjaran*) *anggoné padha anjaga*
dhiriné (*saka ing ala*).

وَالَّذِينَ اهْتَدَوْا زَادَهُمْ هُدًى وَآتَاهُمْ تَقْوَاهُمْ ﴿١٧﴾

18 Lah apa ta kang padha di-
entèni kajaba titining mangsa kang
anggoné nekani dhèwèké bakal
tanpa cacala? Lah sayekti tenger-
tengeré wis tumeka, ananging
kapriyé tumrap dhèwèké anggoné
arep padha éling samangsané iku
anekani dhèwèké?[2299]

فَهَلْ يَنْظُرُونَ إِلَّا السَّاعَةَ أَنْ تَأْتِيَهُمْ بَغْتَةً ۖ فَقَدْ جَاءَ أَشْرَاطُهَا ۚ فَأَنَّىٰ لَهُمْ إِذَا جَاءَتْهُمْ ذِكْرَاهُمْ ﴿١٨﴾

19 Mulané weruha yèn ora ana
sesembahan kajaba Allah, sarta
nyuwuna pangayoman tumrap
b. 2194 kaluputanira[b] sarta tumrap para
mukmin lanang lang para mukmin
wadon;[2300] lan Allah iku anguda-
nèni enggon balinira sarta padunu-
nganira.[2301]

فَاعْلَمْ أَنَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا اللَّهُ وَاسْتَغْفِرْ لِذَنْبِكَ وَلِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ ۗ وَاللَّهُ يَعْلَمُ مُتَقَلَّبَكُمْ وَمَثْوَاكُمْ ﴿١٩﴾

---

wonten ing Quran Suci. Kados déné ingkang sampun katerangaken wongsal-wangsul, ing suwarga boten wonten tiyang nindakaken dosa, awit saking punika *magfirah* ing suwarga punika ateges pangayoman saking dosa.

2299. *Sâ'ah* utawi *titining mangsa* punika kedah kasuraos wekdal leburipun para titiyang wau, ambruking panguwaosipun, ingkang kalayan terang kapangandikakaken wonten ing ayat-ayat ingkang sampun. Tandha-tandhanipun sampun wonten, awit piyambakipun sampun sami ningali piyambak kados punapa rikating kamajenganipun Islam ing saben dintenipun, sarta ningali piyambak, sadaya pambudidayanipun kanggé mekak majengipun Islam, wekasanipun namung tansah wuk atanpa dados.

2300. Rèhning ing ngriki para Muslimin kaparingan janji badhé pinaringan kamenangan, mangka kamenangan makaten mesthi sinartan rekaos, mila Kanjeng Nabi kadhawuhan supados nyuwun pangayoman sampun ngantos nandhang kuciwa, makaten ugi tumrap para sahabatipun. Katranganipun ingkang langkung panjang mirsanana 2194. Utawi tegesipun punika kados déné ingkang katerangaken ing 2307.

2301. Allah nguningani papanipun wangsul saha papanipun ingkang dipun enggèni para mukminin, punika ingkang dipun sasmitakaken padunungan ipun énggal para mukminin tuwin badhé

RUKU' 3

Titiyang ingkang alit manahipun

20. Titiyang jirih sami emoh dhateng perang. 21, 22. Perlu wontenipun perang. 23-28. Sami wangsul dhateng ing kakafiran.

Ut. *bab*

Ut. *cumetha*

20 Lan para kang padha angèstu acalathu: Yagéné ora ana *surat* dhumawuh?[2302] Ananging bareng ana surat kang *putus* dhumawuh, kang ing kono perang sinebutaké, sira andeleng para kang ing sajroning atiné ana lalarané, padha angingetaké marang sira kalawan pandelengé wong kang ngalumpruk saking wediné mati. Lah cilaka tumrap dhèwèké!

وَيَقُولُ الَّذِينَ آمَنُوا لَوْلَا نُزِّلَتْ
سُورَةٌ ۚ فَإِذَا أُنْزِلَتْ سُورَةٌ مُحْكَمَةٌ
وَذُكِرَ فِيهَا الْقِتَالُ ۙ رَأَيْتَ الَّذِينَ
فِي قُلُوبِهِمْ مَرَضٌ يَنْظُرُونَ إِلَيْكَ
نَظَرَ الْمَغْشِيِّ عَلَيْهِ مِنَ الْمَوْتِ ۖ
فَأَوْلَىٰ لَهُمْ ﴿٢٠﴾

21 Pambangun turut sarta atur kang becik (iku kudu); ananging samangsa prakara iku wis diputus sabanjuré manawa padha tuhu-tuhu ing Allah, sayekti iku luwih becik tumrap dhèwèké.

طَاعَةٌ وَقَوْلٌ مَعْرُوفٌ ۚ فَإِذَا عَزَمَ
الْأَمْرُ فَلَوْ صَدَقُوا اللَّهَ لَكَانَ
خَيْرًا لَهُمْ ﴿٢١﴾

Ut. *cepak*

22 Ananging manawa sira padha nyekel purba-wisésa, *amasthi* sira bakal agawé wisuna ing bumi sarta amedhot sasambunganing karabat![2303]

فَهَلْ عَسَيْتُمْ إِنْ تَوَلَّيْتُمْ أَنْ
تُفْسِدُوا فِي الْأَرْضِ وَتُقَطِّعُوا أَرْحَامَكُمْ ﴿٢٢﴾

23 Iki para kang padha kena wewelaking Allah sarta padha Digawé budheg tuwin wuta pandelengé.[2304]

أُولَٰئِكَ الَّذِينَ لَعَنَهُمُ اللَّهُ فَأَصَمَّهُمْ وَ
أَعْمَىٰ أَبْصَارَهُمْ ﴿٢٣﴾

---

lumebetipun malih dhateng Makkah. Utawi, *Mutaqallab* punika ingkang dipun karsakaken anggènipun para kafir mrika-mriki damel upaya badhé anglebur agami Islam.

2302. Titiyang Mus1imin dipun kaniaya ngantos nglangkungi wates, dipun tindhes sakatogipun tuwin dipun tundhung saking griya-griyanipun. Awit saking punika, nama sampun satrepipun manawi para Muslimin wau kapéngin sanget dipun lilani rumeksa awakipun piyambak. Dados surat ing ngriki ingkang dipun kajengaken: dhawuh ingkang ngidini titiyang Muslimin lumawan perang.

2303. Para titiyang kafir. ingkang katuju ing pangandika punika.

2304. Dipun pèngetana, ingkang dipun damel wuta mripatipun tuwin dipun damel tuli kupingipun déning Allah, punika para ingkang boten purun wangsul dhateng margi ingkang leres. Ayat candhakipun adamel cethanipun ingkang makaten punika, inggih punika kapangandikakaken bilih para titiyang wau boten sami purun manah-manah dhateng Quran, kados-kados margi manahipun punika wonten kuncinipun.

24 Lah apa ta ora padha angangen-angen Qur'an? O, ing ati(-né) padha ana kunciné.

أَفَلَا يَتَدَبَّرُونَ الْقُرْآنَ أَمْ عَلَىٰ
قُلُوبٍ أَقْفَالُهَا ﴿٢٤﴾

25 Sayekti para kang padha ambalik marang gegeré ing sawisé pituduh gamblang tumrap dhèwèké, iku si sétan sing anggampangaké marang dhèwèké; sarta Panjenengané aparing sumené marang dhèwèké.

إِنَّ الَّذِينَ ارْتَدُّوا عَلَىٰ أَدْبَارِهِم
مِّن بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ الْهُدَى ۙ
الشَّيْطَانُ سَوَّلَ لَهُمْ وَأَمْلَىٰ لَهُمْ ﴿٢٥﴾

26 Iku amarga dhèwèké padha calathu marang para kang padha gething ing barang kang katurunaké déning Allah: Aku bakal padha manut kowé tumrap sawenèhing prakara; lan Allah iku Ngudanèni wadi-wadiné.

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَالُوا لِلَّذِينَ كَرِهُوا
مَا نَزَّلَ اللَّهُ سَنُطِيعُكُمْ فِي بَعْضِ
الْأَمْرِ ۖ وَاللَّهُ يَعْلَمُ إِسْرَارَهُمْ ﴿٢٦﴾

27 Ananging kapriyé bakalé, samangsané para malikat amatèni dhèwèké (kalawan) mrawasa rainé lan gegeré.

فَكَيْفَ إِذَا تَوَفَّتْهُمُ الْمَلَائِكَةُ يَضْرِبُونَ
وُجُوهَهُمْ وَأَدْبَارَهُمْ ﴿٢٧﴾

28 Iku amarga saka anggoné padha manut apa kang ora dadi sarjuning Allah sarta gething marang pirena-Né; mulané Panjenengané amusprakaké panggawé-panggawéné.

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمُ اتَّبَعُوا مَا أَسْخَطَ اللَّهَ وَ
كَرِهُوا رِضْوَانَهُ فَأَحْبَطَ أَعْمَالَهُمْ ﴿٢٨﴾

RUKU' 4

Pémut

29-31. Apa para lamis lan para angèstu badhé kapilahaken. 32. Para kafir badhé boten saged miawoni para Muslim. 33-38. Para ngèstu dipun apémuti supados nyarempeng.

29 Apa para kang ing sajroning atiné ana lalarané padha ngira, yèn pangunek-uneké ora bakal diwetokaké déning Allah?

أَمْ حَسِبَ الَّذِينَ فِي قُلُوبِهِم مَّرَضٌ
أَن لَّن يُخْرِجَ اللَّهُ أَضْغَانَهُمْ ﴿٢٩﴾

30 Lan manawa Ingsun angarsakna, amasthi sira Ingsun weruhaké dhèwèké, temahan sira sumurup dhèwèké kalawan tandha-

وَلَوْ نَشَاءُ لَأَرَيْنَاكَهُمْ فَلَعَرَفْتَهُم
بِسِيمَاهُمْ ۚ وَلَتَعْرِفَنَّهُمْ فِي لَحْنِ

Ar. *ing dalan*

tandhané; sayekti sira temen bakal sumurup dhèwèké *asarana* surasaning calathu(né);[2305] lan Allah iku Ngudanèni panggawé-panggawénira.

بِسِيمَاهُمْ ۚ وَلَتَعْرِفَنَّهُمْ فِي لَحْنِ الْقَوْلِ ۚ وَاللَّهُ يَعْلَمُ أَعْمَالَكُمْ ﴿٣٠﴾

a. 494

31 Lan sayekti temen Ingsun bakal anyoba ing sira, nganti Ingsun anguningani[a] sira kang padha tuhu nyarempeng sarta kang padha sabar, lan (nganti) Ingsun anggamblangaké lalakonira.

وَلَنَبْلُوَنَّكُمْ حَتَّىٰ نَعْلَمَ الْمُجَاهِدِينَ مِنكُمْ وَالصَّابِرِينَ وَنَبْلُوَ أَخْبَارَكُمْ ﴿٣١﴾

32 Sayekti, para kang padha kafir sarta nyimpang saka dadalaning Allah apa déné amilawani Utusan ing sawisé pituduh iku gamblang tumrap dhèwèké, iku ora bakal bisa mitunani Allah babar pisan, lan Panjenengané bakal musprakaké panggawé-panggawéné.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَصَدُّوا عَن سَبِيلِ اللَّهِ وَشَاقُّوا الرَّسُولَ مِن بَعْدِ مَا تَبَيَّنَ لَهُمُ الْهُدَىٰ لَن يَضُرُّوا اللَّهَ شَيْئًا وَسَيُحْبِطُ أَعْمَالَهُمْ ﴿٣٢﴾

33 E, para kang padha angèstu! padha ambangun turuta ing Allah lan ambangun turuta ing Utusan sarta aja padha amigaraké panggawé-panggawénira.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا أَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ وَلَا تُبْطِلُوا أَعْمَالَكُمْ ﴿٣٣﴾

Ar. *lan dhèwèké*

34 Sayekti para kang padha kafir sarta nyimpang saka dadalaning Allah (lan) banjur mati *sajroné isih dadi* wong kafir, lah ora bakal Allah angapura marang dhèwèké.

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَصَدُّوا عَن سَبِيلِ اللَّهِ ثُمَّ مَاتُوا وَهُمْ كُفَّارٌ فَلَن يَغْفِرَ اللَّهُ لَهُمْ ﴿٣٤﴾

35 Lah aja sira padha pepes sarta anjaluk bedhami, lan sira iku luwih unggul tuwin Allah anyartani sira apa déné ora angilang-ilangaké panggawé-panggawénira.

فَلَا تَهِنُوا وَتَدْعُوا إِلَى السَّلْمِ وَأَنتُمُ الْأَعْلَوْنَ وَاللَّهُ مَعَكُمْ وَلَن يَتِرَكُمْ أَعْمَالَكُمْ ﴿٣٥﴾

2305. *Lahn* tegesipun: *tegesipun wicara*, *suraos* utawi *maksudipun wicara* utawi *kajeng ingkang kawengku ing wicara wau* (TA, LL). Ing ngriki Kanjeng Nabi dipun pangandikani bilih panjenenganipun saged ngyektosi tiyang lamis kalayan gampil saking caraning anggènipun wicanten, inggih punika boten ngeblak lan sarwa kèmengan, ingkang lajeng kénging kanggé titikan punapa maksudipun.

36 Kauripan donya iku mung dodolanan lan lalahan, lan manawa sira padha angèstu sarta anjaga dhiri (saka ing ala), Panjenengané bakal maringi sira ganjaranira lan ora bakal mundhut bandhanira marang sira.

إِنَّمَا الْحَيٰوةُ الدُّنْيَا لَعِبٌ وَّلَهْوٌ ۗ وَإِنْ تُؤْمِنُوْا وَتَتَّقُوْا يُؤْتِكُمْ اُجُوْرَكُمْ وَلَا يَسْـَٔلْكُمْ اَمْوَالَكُمْ ۝٣٦

37 Manawa Panjenengané amundhut *bandhanira* kalawan adreng, sira bakal ambedhidhil sarta Panjenengané bakal angetokaké pangunek-unekira.

Ar. *iku*

إِنْ يَّسْـَٔلْكُمُوْهَا فَيُحْفِكُمْ تَبْخَلُوْا وَيُخْرِجْ اَضْغَانَكُمْ ۝٣٧

38 Di éling! sira iku kang wus diuwuh supaya amèwèhaké (bandha) ing dadalaning Allah, ananging sira iku ana kang ambedhidhil, lan sapa sing ambedhidhil, iku ora liya kajaba ambedhidhil marang jiwané dhéwé; lan Allah iku sugih sarta sira iku butuh (marang Panjenengané); lan manawa sira padha ambalik, Panjenengané bakal anyalini kaum saliyané sira; banjur kaanané bakal ora kaya sira.

هٰٓاَنْتُمْ هٰٓؤُلَاۤءِ تُدْعَوْنَ لِتُنْفِقُوْا فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۚ فَمِنْكُمْ مَّنْ يَّبْخَلُ ۚ وَمَنْ يَّبْخَلْ فَاِنَّمَا يَبْخَلُ عَنْ نَّفْسِهٖ ۗ وَاللّٰهُ الْغَنِيُّ وَاَنْتُمُ الْفُقَرَاۤءُ ۚ وَاِنْ تَتَوَلَّوْا يَسْتَبْدِلْ قَوْمًا غَيْرَكُمْ ۙ ثُمَّ لَا يَكُوْنُوْٓا اَمْثَالَكُمْ ۝٣٨

سورة الفتح مدنية (٤٨)

SURAT 48

AL-FAT-H

(*Kamenangan*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*4 ruku', 29 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Bedhami ing Hudaibiyah punika satunggaling kamenangan.
Ruku' 2. Para ingkang sami nglirwakaken kawajiban.
Ruku' 3. Lajenging kamenanganipun Islam.
Ruku' 4. Kamenanganipun Islam anglindhihaken sadaya agami.

Namanipun lan gathuking suraosipun

Surat punika kanamakaken *Al-fat-h* utawi *Kamenangan*, punika mungguh sanget, awit ingkang karembag wonten ing surat punika pancèn bab kamenangan-kamenanganipun Islam, wiwit kamenangan batin (*moral victory*) ingkang ageng wonten ing Hudaibiyah (mirsanana 2306) ingkang kasebutaken wonten ing ayat ingkang wiwitan dumugi menangipun Islam ingkang wekasan kaliyan agami sanès-sanèsipun ing jagad punika (ayat 28). Tembung *fat-h* punika piyambak, wonten ing surat punika kasebutaken wongsal-wangsul. Para Muslimin angsal kamenangan-kamenangan wonten ing peperangan-peperangan punika sampun wongsal-wangsul; suprandéné anèhipun, sanès kamenangan-kamenangan wau ingkang dados tatalesing kamenangan tumrap lampahipun Islam, nanging prajanjian bedhamén, ingkang katingalipun mitunani tumrap para Muslimin, punika ingkang dados. Bab punika wonten titikanipun ingkang cetha; terangipun makaten: Islam dipun perangi, para Muslimin kepeksa lumawan perang, sarta angsal kamenangan-kamenangan; éwadéné ingkang nama kamenangan sajati tumrapipun Islam, punika kamenanganipun batin. Kamenangan batin ingkang rumiyin piyambak, sasampunipun Hijrah, inggih punika kamenangan ing Hudaibiyah, ingkang katingalipun makaten mitunani, nanging menggah ing sajatos-jatosipun punika kamenangan batin. Nadyan manut prajanjian wau kaum Muslimin boten kénging kanggènan tiyang Islam ingkang lumajeng saking Makkah, éwadéné prajanjian wau saged suka margi dhateng para titiyang kathah purun nglimbang-nglimbang dhateng kaéndahanipun Islam, margi memengsahan kèndel. Dados prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah punika kamenangan batin, sarta rèhning kados makaten kawontenanipun, prajanjian wau kaanggep dados dhadhasaring kamenanganipun Islam ing wekdal ingkang badhé dhateng, sarta ingkang makaten punika mratandhani bilih kamenangan batin punika kaanggep dados kamenanganipun Islam ingkang sajatos. Dalasan kamenangan ing Makkah (bedhahipun nagari Makkah), punika wigatosipun inggih wonten ing kamenanganing manah, déning tepa-tuladhanipun Kanjeng Nabi ingkang boten wonten ingkang nyameni wonten ing babading bangsa manusa, ing bab ngapunten ing mengsah.

Sasambetanipun surat punika kaliyan surat ingkang sampun, sampun cetha. Surat ingkang sampun mangandikakaken bab rebahipun para mengsahing Islam wonten ing paprangan-paprangan, tuwin bab saya saéning kawontenanipun kaum Muslimin; lah surat punika mangandikakaken kados pundi kelampahanipun saya saéning kawontenanipun kaum Muslimin wau. Nyata, kamenangan wonten ing paprangan punika margi ingkang cekak piyambak kanggé ngrebahaken mengsah ingkang akajeng badhé numpes Islam kalayan kakiyatan wadhag; nanging ingkang nama jatos-jatosing kabegjan tumrapipun Islam, punika kamenangan batin.

Titimangsaning tumurunipun tuwin babipun ingkang kawarsitakaken

Bab prakawis titimangsaning tumurunipun surat punika, boten wonten pamanggih warni-warni. Pasaksènipun Bagéndha 'Umar ingkang kasebut ing hadits nyariyosaken bilih Kanjeng Nabi maos surat

RUKU’ 1

Bedhami ing Hudaibiyah punika satunggaling Kamenangan

1-5. Kamenangan ageng nyampurnakaken nugrahanipun Pangéran dhateng Kanjeng Nabi saha para mukmin. 6. Pidana tumrap para lamis sarta para manembah brahala. 7-10. Pitulung saha kasetyanipun para mukmin dhateng Kanjeng Nabi.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
Ut. *ambuka*	1 Sayekti Ingsun wus *aparing kamenangan* marang sira, kamenangan kang tétéla,[2306]	إِنَّا فَتَحْنَا لَكَ فَتْحًا مُّبِيْنًا ①

punika ingkang sapisanan nalika wangsul saking Hudaibiyah (Bkh), awit saking punika tumurunipun punika kagolong ing taun Hijrah ingkang kaping nem.

Surat punika kawiwitan kalayan angundhangakeni bilih prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah punika calon kamenangan ingkang sajati, sarta sasampunipun nyebutaken kecélikipun para munafèk tuwin para manembah brahala lajeng dipun pungkasi kalayan anyebutaken pitulung tuwin kasetyanipun para mukminin dhateng Kanjeng Nabi Suci. Ruku’ ingkang kaping kalih nerangaken pawadanipun ingkang lalawora munafék, tuwin para munafék kapisah saking para mukminin sarana boten kaidinan tumut andon prang sasarengan kaliyan para Muslimin. Ruku’ ingkang kaping tiga mecakaken kamenangan-kamenangan malih wonten ing peperangan – kamenangan ing Khaibar tuwin bedhahipun Makkah kasasmitakaken kalayan terang. Ruku’ ingkang kaping sakawan mungkasi surat punika kalayan dhawuh pangumuman ingkang wigatos inggih punika Islam badhé dipun damel menang kaliyan sadaya agami ing jagad punika.

2306. Kamenangan ingkang dipun karsakaken wonten ing ngriki punika, boten sanès kajawi kamenangan ingkang dipun pikantuk prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah (Bkh). Margi ing Hudaibiyah boten ngantos wonten paprangan saèstu, kathah para saged ingkang lajeng anggadhahi pamanggih, bilih dhawuh punika mengku piweca bab bedhahipun nagari Makkah. Nanging bab bedhahipun nagari Makkah punika anggènipun dipun sebutaken kantun, inggih punika ing ruku’ ingkang kaping tiga ing dalem surat punika. Prajanjian bedhami ing Hudaibiyah punika menggah ing sajatos-jatosipun pranyata kamenangan saèstu tumrap titiyang Muslimin, awit prajanjian wau ambuka kontening tablig (*propaganda*) Islam wonten ing antawisipun titiyang kafir, sarta margi memengsahan dipun kèndeli, dadosipun golongan mengsah gadhah kalonggaran manah-manah dhateng agami, ingkang ing wekdal ingkang sampun-sampun tansah dipun perangi nanging tansah boten angsal damel. Angsal-angsalaning prajanjian bedhamén wau, byuk-byukan tiyang ingkang sami lumebet agami Islam; dados dhawuh punika mengku piweca, déné gumelaring kanyataanipun sampun let dangu kaliyan tumuruning dhawuh punika.

Prayogi dipun terangaken pisan wonten ing ngriki, bilih Bagéndha ‘Umar radi semang-semang, dhateng saénipun prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah wau. Manut pamanggihipun Bagéndha ‘Umar, prajanjian wau ngasoraken sanget dhateng titiyang Muslimin, jalaran ungeling prajanjian-prajanjianipun mitunani tumrap titiyang Muslimin. Kadosta, salah satunggaling ungelipun prajanjian wau wonten ingkang nyebutaken, samangsa wonten tiyang saking éwonipun titiyang Makkah ngayom dhateng Kanjeng Nabi Suci, Kanjeng Nabi kedah masrahaken wangsul piyambakipun dhateng titiyang Makkah, sanajan ta tiyang wau tiyang Muslim. Titiyang Muslimin awrat manahipun nampeni prajanjian wau, sabab sadhèrèkipun Islam teka kedah dipun wangsulaken kapurih nandhang panganiaya wonten ing tanganipun para titiyang kafir; nanging rèhning titiyang kafir boten purun dipun ajak damel prajanjian bedhamén manawi ingkang makaten wau boten dipun lebetaken ing prajanjian, milanipun Kanjeng Nabi Suci inggih lajeng kepareng mituruti. Boten antawis dangu wahyuning Pangéran lajeng ambirat

2 Dadi Allah ambeneraké ing sira tumrap kaluputan kang ditibakaké marang sira kang dhisik-dhisik sarta kang bésuk-bésuk,[2307] apa déné anyampurnakaké nugraha-Né marang sira tuwin anuntun sira ing dalan kang bener,[2308]

لِّيَغْفِرَ لَكَ اللّٰهُ مَا تَقَدَّمَ مِنْ ذَنْۢبِكَ وَمَا تَاَخَّرَ وَيُتِمَّ نِعْمَتَهٗ عَلَيْكَ وَيَهْدِيَكَ صِرَاطًا مُّسْتَقِيْمًا ۙ﴿۲﴾

3 Apa déné Allah amitulungi sira kalawan pitulung kang kinawasa.[2309]

وَّيَنْصُرَكَ اللّٰهُ نَصْرًا عَزِيْزًا ﴿۳﴾

---

sadaya semang-semang wau, sarta angundhangaken bilih prajanjian bedhamén wau pranyata kamenangan ageng ingkang badhé ambekta kawusanan ingkang linuhung. Kabuktèn, nyatanipun inggih makaten saèstu.

2307. Ayat ingkang angka kalih kawiwitan kalayan *lam*, tegesipun *dadi*, wigatos mijang-mijang angsal-angsalaning kamenangan ingkang dipun gayuh titiyang Muslimin ing prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah; makaten ugi ayat ingkang angka tiga. Ingkang rumiyin piyambak: يغفرلك الله ماتقدم من ذنبك وما تاخر asring dipun suraos sacara klèntu. Apunten ing kalepatan, punika boten saged yèn ta minangka dados wohing angsal kamenangan. Kosokwangsulipun, kados déné ingkang katerangaken wonten ing tafsir ingkang sampun, rèhning tansah wonten memengsahan ngantos dangu sanget, milanipun titiyang kathah boten naté kober manah-manah kaéndahanipun Islam; gambar ingkang katongton wonten ing manahipun, Islam punika awon sanget. Dados *dhambi-ka* ing ngriki ateges cacad utawi kuciwa ingkang déning mengsah katumrapaken dhateng Kanjeng Nabi; kanggé ambirat punika, prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah nyukani margi, jalaran inggih awit saking wontenipun prajanjian bedhamén wau, mripatipun titiyang kathah kabuka saged nyumerepi gambar kaéndahanipun Islam. Ukara saminipun punika sampun katerangaken wonten ing 687, ing ngriku katerangaken bilih tembung *itsmî*, ingkang wantahipun ateges *dosaku*, punika menggah ing sajatos-jatosipun ateges *dosa kang katindakaké marang aku*. Déné tegesipun tembung *gafr* ugi sampun katerangaken kanthi panjang wonten ing 2194, ing ngriku kasebutaken غفر الامر punika ateges *ngleresaken prakawis*. Manawi badhé mangertosi dhawuh ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki, tafsir (katrangan) wau perlu dipun waos. Prajanjian ing Hudaibiyah nyukani margi kanggé ngicali sawarnining seling serep, kathah ingkang tumunten lajeng sirna déning propagandha Islam, kakantunanipun larut sadaya déning bedhahipun nagari Makkah, ingkang bedhahipun nagari Makkah wau inggih prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah wau ingkang suka margi. Ing ngriki ugi wonten ingkang nyebutaken kang *bésuk-bésuk*. Punika ingkang dipun karsakaken pangawon-awoning para mengsahipun Islam ing tembé wingkingipun. Kados déné ingkang sampun kula aturaken ing ngajeng, surat punika boten namung ngrembag kamenanganipun Islam ingkang tumunten badhé kelampahan kémawon, nanging ugi amecakaken kamenanganipun ingkang wekasan piyambak ing saindhenging jagad. Dados dhawuh punika mengku janji, kajawi seling-serep ingkang sampun wonten punika badhé dipun sirnakaken, ingkang taksih wonten ing wingking, ingkang bénjing ing tembé-wingkingipun badhé dipun sebar-sebaraken para mengsahing Islam, punika inggih badhé dipun sirnakaken ugi, dadosipun Islam badhé nyunaraken prabanipun ingkang anelahi, boten namung dhateng tanah Arab kémawon, nanging dhateng saindhenging jagad.

2308. Angsal-angsalaning prajanjian bedhamèn ing Hudaibiyah warni kalih kados ingkang kasebutaken wonten ing wekasaning ayat punika, saged dipun kanthak-kanthakaken kalayan gampil. Sampurnaning nugraha, kaleksanan sumebaripun agami Islam katuntun dhateng margi ingkang leres, tegesipun margi ingkang leres ingkang anjog dhateng kamenangan.

2309. Tiyang kathah byuk-byukan sami lumebet agami Islam, punika sampun saged ambuktèkaken manawi punika pranyata pitulung ageng tumrap Islam. Nalika tindakipun dhateng Hudaibiyah Kanjeng Nabi Suci namung kadhèrèkaken tiyang 1500; kalih taun malih, nalika tindak dhateng Makkah, wonten tiyang 10.000 ingkang andhèrèkaken.

4 Panjenengané iku Kang anurunaké tentrem ing atiné para mukmin, supaya padha muwuhana iman marang imané – lan kagungan-É Allah wadyabala ing langit-langit lan bumi iku, sarta Allah iku Udani, Wicaksana,

لِّيُدْخِلَ الْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنٰتِ جَنّٰتٍ
تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَا
وَيُكَفِّرَ عَنْهُمْ سَيِّاٰتِهِمْ ۗ وَكَانَ ذٰلِكَ
عِنْدَ اللّٰهِ فَوْزًا عَظِيْمًا ۙ ٥

5 Supaya Panjenengané anglebokaké para mukmin lanang lan para mukmin wadon ing patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, dimèn padha manggon ing kono, lan (supaya) Panjenengané ambirat alané saka awaké; lan iki pakolih kang gedhé ing ngarsaning Allah.

Ar. *ngisoré*

هُوَ الَّذِيْٓ اَنْزَلَ السَّكِيْنَةَ فِيْ قُلُوْبِ
الْمُؤْمِنِيْنَ لِيَزْدَادُوْٓا اِيْمَانًا مَّعَ
اِيْمَانِهِمْ ۗ وَلِلّٰهِ جُنُوْدُ السَّمٰوٰتِ وَ
الْاَرْضِ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَلِيْمًا حَكِيْمًا ۙ ٤

6 Lan (supaya) Panjenengané aniksa para lamis lanang lan para lamis wadon sarta para musyrik lanang lan para musyrik wadon kang padha nyana marang Allah kalawan panyana ala. *Iku* padha katiban urak ala, sarta Allah anibani bebendu tuwin anibani wewelak apa déné anyadhiyakaké naraka tumrap dhèwèké, lan ala padunungan iku.

Ar. *dhèwèké*

وَّيُعَذِّبَ الْمُنٰفِقِيْنَ وَالْمُنٰفِقٰتِ وَ
الْمُشْرِكِيْنَ وَالْمُشْرِكٰتِ الظَّاۤنِّيْنَ
بِاللّٰهِ ظَنَّ السَّوْءِ ۗ عَلَيْهِمْ دَاۤىِٕرَةُ السَّوْءِ ۚ
وَغَضِبَ اللّٰهُ عَلَيْهِمْ وَلَعَنَهُمْ وَاَعَدَّ
لَهُمْ جَهَنَّمَ ۗ وَسَاۤءَتْ مَصِيْرًا ٦

7 Lan kagunganing Allah wadyabala ing langit-langit lan bumi iku; sarta Allah iku Kinawasa, Wicaksana.

وَلِلّٰهِ جُنُوْدُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ
وَكَانَ اللّٰهُ عَزِيْزًا حَكِيْمًا ٧

8 Sayekti anggon-Ingsun angutus sira iku minangka saksi sarta juru-martani becik tuwin jurupépéling,

اِنَّآ اَرْسَلْنٰكَ شَاهِدًا وَّمُبَشِّرًا
وَّنَذِيْرًا ۙ ٨

9 Supaya sira padha angèstu ing Allah lan utusan-É, sarta ambiyantu tuwin angajèni dhèwèké apa déné mahasucèkaké Panjenengané ésuk lan soré.

لِّتُؤْمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَتُعَزِّرُوْهُ
وَتُوَقِّرُوْهُ ۗ وَتُسَبِّحُوْهُ بُكْرَةً
وَّاَصِيْلًا ٩

Ar. *(ora liya kajaba)* mung

10 Sayekti para kang padha prasetya ing sira iku *sanyatané* prasetya ing Allah; astaning Allah ana sadhuwuring tangan-tangané. Mulané sapa sing anyidrani (prasetyané), lah anggoné nyidrani iku ora liya kajaba mung amitunani jiwané dhéwé, lan sapa sing nuhoni anggoné janji marang Allah bakal diparingi ganjaran gedhé.[2310]

إِنَّ الَّذِينَ يُبَايِعُونَكَ إِنَّمَا يُبَايِعُونَ اللَّهَ ۖ يَدُ اللَّهِ فَوْقَ أَيْدِيهِمْ ۚ فَمَن نَّكَثَ فَإِنَّمَا يَنكُثُ عَلَىٰ نَفْسِهِ ۖ وَمَنْ أَوْفَىٰ بِمَا عَاهَدَ عَلَيْهُ اللَّهَ فَسَيُؤْتِيهِ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿١٠﴾

RUKU' 2

Para ingkang sami anglirwakaken kawajiban

11-14. Tiyang ingkang boten purun medali sami ngaturaken sengadinipun. 15, 16. Sami badhé boten tumut medali "andon jurit", kajawi bénjing-bénjing. 17. Ingkang kénging dipun apunten.

11 Para wong ing sagara wedhi kang padha kari (ana ngomah baé) bakal padha calathu marang

سَيَقُولُ لَكَ الْمُخَلَّفُونَ مِنَ الْأَعْرَابِ

2310. Béngat nglahiraken prasetya ingkang kasebutaken wonten ing ngriki punika kelampahanipun nalika ngajengaken badhé damel prajanjian bedhamén. Bidhalipun Kanjeng Nabi Suci kaliyan para pandhèrèkipun, punika sedyanipun badhé nindakaken ngibadah haji; nanging sareng tindakipun dumugi Hudaibiyah, titiyang Makkah ngawisi panjenenganipun lumebet dhateng nagari Makkah. Ing ngriku para sahabat lajeng sami béngat nglahiraken prasetya dhateng Kanjeng Nabi Suci (kasebutaken wonten ing ayat 18, punika wonten ing sangandhaping wit), wigatos aprajanji bilih badhé sami nglabuhi panjenenganipun najan ngantos dumugi ing pejah, tuwin sabaya-pati andhèrèk perang kaliyan panjenenganipun (Bkh). Béngat punika perlu, awit ngangsegipun titiyang Quraisy punika kanthi sedya badhé merangi titiyang Muslimin, mangka titiyang Muslimin boten sami sikep dadamel, awit titiyang Muslimin namung gadhah sedya badhé nindakaken ngibadah haji. Pancènipun Bagéndha Abu Bakar inggih sampun ngaturaken panyuwun dhateng Kanjeng Nabi Suci, supados bidhalipun para Muslimin wau kanthi samekta saupakartining prang, jalaran kinten-kinten kémawon titiyang Quraisy badhé milawani panjenenganipun; nanging Kanjeng Nabi Suci boten nayogyani dhateng usulipun Bagéndha Abu Bakar wau (Bkh).

Pantes pinèngetan ing ngriki, bilih para sahabat sami béngat nglahiraken prasetya dhateng Kanjeng Nabi Suci punika kaping tiga: inggih punika kaping kalih nalika wonten ing Makkah sadèrèngipun Hijrah – ingkang béngat sami titiyang Madinah. Béngat kakalih punika misuwuripun winastan *Bai'atu-l-'Aqabah*. Ingkang sapisan namung dipun estreni tiyang kalih welas, prasetya ingkang dipun lahiraken namung angakeni anggènipun angèstu dhateng kayektènipun Islam; déné prasetyanipun makaten: "Kula sadaya boten sami manembah dhateng sintena kémawon kajawi namung dhateng Allah piyambak; kula sadaya boten badhé nyonyolong, kula sadaya boten badhé nindakaken pandamel sèdhèng, kula sadaya boten badhé mejahi anak-anak kula, kula sadaya boten badhé ngraosi awon, tuwin kula sadaya boten badhé ambangkang dhateng Kanjeng Nabi ing dalem sabarang rèh ingkang leres." Béngat ing 'Aqabah ingkang kaping kalih dipun prasetyakaken titiyang Madinah pitungdasa tiga, ingkang sami aprajanji nglabuhi Kanjeng Nabi Suci "kados déné anggèn kula sami ambélani geger kula piyambak." Déné béngat ingkang kaping tiga, inggih punika béngat ing Hudaibiyah, ingkang misuwuripun winastan *Bai'atu-r-Ridwân* (mirsanana ayat 18). Titiyang èstri béngat nglahiraken prasetya kaping sapisan, kateranganipun kula aturi mirsani 2493.

sira:[2311] Aku padha éwuh nyambut gawé déning bandhaku lan batihku, mulané aku padha suwuna pangapura. Olèhé calathu iku kalawan lésané, *ora terus* sajroning atiné. Calathua: Lah sapa sing bisa nanggulangi barang (kang tumeka) saka ing Allah tumrap marang sira, manawa Panjenengané ngarsakaké bilai marang sira utawa angarsakaké slamet marang sira; o, Allah iku marang sabarang kang padha sira lakoni Waspada.

Ar. *barang ora ana*

شَغَلَتْنَآ اَمْوَالُنَا وَاَهْلُوْنَا فَاسْتَغْفِرْ لَنَا ۚ
يَقُوْلُوْنَ بِاَلْسِنَتِهِمْ مَّا لَيْسَ فِيْ
قُلُوْبِهِمْ ۗ قُلْ فَمَنْ يَّمْلِكُ لَكُمْ
مِّنَ اللّٰهِ شَيْـًٔا اِنْ اَرَادَ بِكُمْ ضَرًّا
اَوْ اَرَادَ بِكُمْ نَفْعًا ۗ بَلْ كَانَ اللّٰهُ
بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرًا ﴿١١﴾

12 Malah sira iku padha nyana, yèn Utusan lan para mukmin ora bakal padha bisa bali mulih marang batihé salawasé,[2312] lan ing sajroning atinira wus pinaès-paès mangkono iku, sarta sira padha nyana kalawan panyana kang ala, tuwin sira iku kaum kang *ginaris lebur.*

Ut. *tanpa ana beciké*

بَلْ ظَنَنْتُمْ اَنْ لَّنْ يَّنْقَلِبَ الرَّسُوْلُ
وَالْمُؤْمِنُوْنَ اِلٰٓى اَهْلِيْهِمْ اَبَدًا وَّزُيِّنَ
ذٰلِكَ فِيْ قُلُوْبِكُمْ وَظَنَنْتُمْ ظَنَّ السَّوْءِ ۖ
وَكُنْتُمْ قَوْمًا ۢ بُوْرًا ﴿١٢﴾

13 Lan sapa sing ora angèstu ing Allah lan Utusan-É, lah sayekti, Ingsun anyadhiyakaké geni murub tumrap para kafir.

وَمَنْ لَّمْ يُؤْمِنْ بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ فَاِنَّآ
اَعْتَدْنَا لِلْكٰفِرِيْنَ سَعِيْرًا ﴿١٣﴾

14 Lan kagunganing Allah karatoning langit-langit lan bumi iku; Panjenengané angapura sapa sing dadi kapareng-É sarta aniksa sapa sing dadi kapareng-É, lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

وَلِلّٰهِ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۗ يَغْفِرُ
لِمَنْ يَّشَآءُ وَيُعَذِّبُ مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَ
كَانَ اللّٰهُ غَفُوْرًا رَّحِيْمًا ﴿١٤﴾

15 Wong kang padha kari (ana ngomah baé), samangsa sira padha mangkat marani kukupan, bakal padha calathu: Aku lilanana mèlu

سَيَقُوْلُ الْمُخَلَّفُوْنَ اِذَا انْطَلَقْتُمْ اِلٰى
مَغَانِمَ لِتَأْخُذُوْهَا ذَرُوْنَا نَتَّبِعْكُمْ ۚ

2311. Ingkang dipun karsakaken inggih punika para titiyang ingkang sami kantun nalika para Muslimin sami bidhal dhateng Hudaibiyah wau.

2312. Ngantos dumugi jaman taun Hijrah kaping nenem, titiyang Muslimin taksih ringkih manawi katimbang kaliyan mengsah-mengsahipun, ngantos saben titiyang Muslimin medal dhateng payudan, para ingkang sami alit manahipun nginten manawi titiyang Muslimin nemaha lumebet dhateng cengkeremanipun pejah.

kowé. Karepé arep padha ngowahi sabdaning Allah. Calathua: Aja pisan mèlu aku; kaya mangkono Allah anggoné ngandika sadurungé iku.[2313] Ananging dhèwèké bakal padha calathu: O, kowé iku padha andrengkèni aku. O, dhèwèké iku ngertiné mung sathithik.

يُرِيدُونَ أَن يُبَدِّلُوا كَلَامَ اللَّهِ ۚ
قُل لَّن تَتَّبِعُونَا كَذَٰلِكُمْ قَالَ اللَّهُ
مِن قَبْلُ ۖ فَسَيَقُولُونَ بَلْ تَحْسُدُونَنَا ۚ
بَلْ كَانُوا لَا يَفْقَهُونَ إِلَّا قَلِيلًا ﴿١٥﴾

16 Calathua marang wonging sagara wedhi kang padha kari (ana ngomah) baé: sira bakal tumuli padha tinimbalan, (dhinawuhan mangsah perang) marang kaum kang gedhé kawanèné; sira perangana sanungkulé; lah manawa sira padha ambangun turut, Allah bakal amaringi sira ganjaran kang becik, lan manwa sira mléngos kaya anggoné mléngos sing uwis, Panjenengané bakal aniksa ing sira kalawan siksa kang lara.[2314]

قُل لِّلْمُخَلَّفِينَ مِنَ الْأَعْرَابِ
سَتُدْعَوْنَ إِلَىٰ قَوْمٍ أُولِي بَأْسٍ شَدِيدٍ
تُقَاتِلُونَهُمْ أَوْ يُسْلِمُونَ ۖ فَإِن تُطِيعُوا
يُؤْتِكُمُ اللَّهُ أَجْرًا حَسَنًا ۖ وَإِن تَتَوَلَّوْا
كَمَا تَوَلَّيْتُم مِّن قَبْلُ يُعَذِّبْكُمْ
عَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٦﴾

17 Ora ala tumrapé wong wuta, lan ora ala tumrapé wong déngklang sarta ora ala tumrapé wong lara (manawa dhèwèké ora metoni); lan sapa sing ambangun turut ing Allah lan Utusan-É, bakal dilebokaké patamanan, kang ing
Ar. *ngisoré*
jeroné kali-kaliné padha mili, lan sapa sing mléngos bakal dhisiksa kalawan siksa kang lara.

لَّيْسَ عَلَى الْأَعْمَىٰ حَرَجٌ وَلَا عَلَى
الْأَعْرَجِ حَرَجٌ وَلَا عَلَى الْمَرِيضِ
حَرَجٌ ۗ وَمَن يُطِعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ
يُدْخِلْهُ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا
الْأَنْهَارُ ۖ وَمَن يَتَوَلَّ يُعَذِّبْهُ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٧﴾

2313. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki sanès dhawuh ing 9: 83, awit dhawuh wau tumurunipun sampun let dangu ing sapengkeripun. Tétéla manawi dhawuh saminipun ingkang kasebut ing 9: 83 punika kadhawuhaken Kanjeng Nabi Suci dhateng para ingkang sami ngantuni nalika wekdal Hudaibiyah.

2314. Panguwaosipun titiyang Makkah golongan mengsah sapunika sampun remuk tan mangga puliha; punika kabuktèn nalika bedhahipun Makkah kalih taun malih. Milanipun, para ingkang sami lirwa ing wajib wau sami kadhawuhan, bilih piyambakipun sami badhé ingandikakaken tumut dhateng pabarisan Islam nglawan mengsah sanès malih ingkang ugi sakalangkung kiyat. Saged ugi ingkang dipun karsakaken punika prang Tabuk, utawi peperangan-peperangan kaliyan karajan Rum lan karajan Persi nalika jamanipun Khalifah sakawan.

RUKU' 3

Lajenging kamenanganipun Islam

18-20. Kamenangan ing Khaibar. 21. Kawonipun Makkah. 22-23. Para kafir badhé kawon, manawi perang. 24. Sami dipun cegah perang ing jujurang Makkah. 25-26. Para Muslimin sami dipun alang-alangi dhateng Masjid Suci.

18 Sayekti temen Allah rena marang para mukmin nalikané padha prasetya marang sira ing sangisoring uwit,[2315] lan Panjenengané angudanèni apa kang ana sajroning ati-atiné, sarta Panjenengané anurunaké tentrem marang dhèwèké tuwin angganjar kamenangan kang cepak,[2316]

لَقَدْ رَضِيَ اللّٰهُ عَنِ الْمُؤْمِنِيْنَ اِذْ
يُبَايِعُوْنَكَ تَحْتَ الشَّجَرَةِ فَعَلِمَ مَا
فِيْ قُلُوْبِهِمْ فَاَنْزَلَ السَّكِيْنَةَ عَلَيْهِمْ
وَاَثَابَهُمْ فَتْحًا قَرِيْبًا ﴿١٨﴾

19 Apa déné kukuban akèh kang bakal padha dialab; lan Allah iku Kinawasa, Wicaksana.[2317]

وَّمَغَانِمَ كَثِيْرَةً يَّاْخُذُوْنَهَا ۗ وَكَانَ
اللّٰهُ عَزِيْزًا حَكِيْمًا ﴿١٩﴾

20 Lan Allah aparing janji marang sira kukuban akèh kang bakal padha sira alab, tumuli anggelisaké (kukuban) iki tumrap marang sira, sarta ambirat tanganing wong-wong saka ing sira, lan supaya dadia tandha tumrap para mukmin, tuwin (supaya) anuntuna sira ing dadalan kang bener,[2318]

وَعَدَكُمُ اللّٰهُ مَغَانِمَ كَثِيْرَةً تَاْخُذُوْنَهَا
فَعَجَّلَ لَكُمْ هٰذِهٖ وَكَفَّ اَيْدِيَ
النَّاسِ عَنْكُمْ ۚ وَلِتَكُوْنَ اٰيَةً لِّلْمُؤْمِنِيْنَ
وَيَهْدِيَكُمْ صِرَاطًا مُّسْتَقِيْمًا ﴿٢٠﴾

21 Apa déné (kukuban) liyané, kang sira padha durung bisa ngukub; sayekti Allah iku anglimputi

وَّاُخْرٰى لَمْ تَقْدِرُوْا عَلَيْهَا قَدْ اَحَاطَ

2315. Kedah dipun pèngeti, bilih kadhawuhaken ing ngriki, tiyang 1500 ingkang sami béngat nglahiraken prasetya wonten ing Hudaibiyah punika tiyang ingkang dipun renani Allah. Dados dhawuh punika suka pamarem dhateng pandhèrèkipun satunggaling golongan ageng ing dalem Islam piyambak, ingkang sami semang-semang dhateng kaikhlasanipun para sahabatipun Kanjeng Nabi Suci.

2316. Kamenangan ingkang cepak, ingkang dipun wecakaken wonten ing ngriki, punika kamenangan ing Khaibar ingkang kelampahanipun boten let dangu kaliyan wangsulipun para sahabat wau saking Hudaibiyah.

2317. Jarahan kathah punika anjanjèkaken kamenangan-kamenanganipun titiyang Muslimin ing pawingkingipun; kamenangan ing Makkah ingkang kagolong angka satunggal; ayat candhakipun nyasmitakaken kamenangan ing Makkah wau.

2318. Ingkang dipun énggalaken punika bedhahipun nagari Makkah. Ing nalika punika tanpa wonten peperangan: inggih prakawis punika ingkang kadhawahaken "tanganipun manusa kabirat" punika.

marang iku, lan Allah iku marang samubarang kawasa.[2319]

اللّٰهُ بِهَا ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرًا ﴿٢١﴾

22 Lan manawa para kang padha kafir amerangi sira, amasthi balik anginger geger, sabanjuré bakal ora olèh pangayomana lan panulung.

وَلَوْ قٰتَلَكُمُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَوَلَّوُا الْاَدْبَارَ
ثُمَّ لَا يَجِدُوْنَ وَلِيًّا وَّلَا نَصِيْرًا ﴿٢٢﴾

23 Kaya mangkono iku lakuné angger-anggering Allah, kang temen wis kalakon biyèn-biyèn, lan ora bakal sira mrangguli owah-owahan ing lakuné angger-anggering Allah.

سُنَّةَ اللّٰهِ الَّتِيْ قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلُ ۖ
وَلَنْ تَجِدَ لِسُنَّةِ اللّٰهِ تَبْدِيْلًا ﴿٢٣﴾

24 Lan Panjenengané iku kang ambirat tangan-tangané saka ing sira sarta tangan-tanganira saka ing dhèwèké ing jujurang Makkah ing sawisé Panjenenganè amenangaké sira ing dhèwèké; lan Allah iku Amirsani marang sabarang kang padha sira lakoni.[2320]

وَهُوَ الَّذِيْ كَفَّ اَيْدِيَهُمْ عَنْكُمْ وَ
اَيْدِيَكُمْ عَنْهُمْ بِبَطْنِ مَكَّةَ مِنْ
بَعْدِ اَنْ اَظْفَرَكُمْ عَلَيْهِمْ ۗ وَكَانَ
اللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرًا ﴿٢٤﴾

25 Dhèwèké iku para kang padha kafir sarta memalangi sira (lumebu) Masjid Suci tuwin amakéwuh tumekaning hadiyah ing papané samesthiné; lan lamun ora anaa wong-wong lanang mukmin lan wong-wong wadon mukmin, kang (amarga saka) ora weruhira, banjur sira padha iles, satemah sira bakal padha kataman pidhuwung amarga saka dhèwèké jalaran saka ora amangerti – supaya Allah angle-

هُمُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَصَدُّوْكُمْ عَنِ
الْمَسْجِدِ الْحَرَامِ وَالْهَدْيَ مَعْكُوْفًا
اَنْ يَّبْلُغَ مَحِلَّهٗ ۗ وَلَوْلَا رِجَالٌ
مُّؤْمِنُوْنَ وَنِسَآءٌ مُّؤْمِنٰتٌ لَّمْ
تَعْلَمُوْهُمْ اَنْ تَطَـُٔوْهُمْ فَتُصِيْبَكُمْ
مِّنْهُمْ مَّعَرَّةٌ ۢ بِغَيْرِ عِلْمٍ ۚ لِيُدْخِلَ

2319. Ingkang kadhawuhaken ing ngriki punika kamenangan-kamenanganipun ageng titiyang Muslimin nalika jaman para khalifahipun Kanjeng Nabi Suci. Bab prakawis kawonipun mengsah kapangandikakaken kalayan cetha wonten ing ayat sambetipun.

2320. Wonten ingkang nyebutaken bilih wonten watawis tiyang pitungdasa utawi wolungdasa (miturut riwayat sanès tigangdasa) ingkang lajeng nempuh titiyang Muslimin, nanging lajeng sami dipun cepeng sarta wasananipun sami dipun mardikakaken (Muslim, Nasai-JB). “Ambirat tangan” ing jujurang Makkah, punika saged ugi ingkang dipun karsakaken anggènipun tata-tata badhé damel prajanjian bedhamén antawisipun golongan kakalih utawi ingkang dipun karsakaken punika bedhah-ipun nagari Makkah.

bokna ing nugraha-Né sapa-sapa kang dadi Karsa-Né saupama dhèwèké padha pisaha, amasthi para kang padha kafir Ingsun siksa kalawan siksa kang lara.[2321]

اللّٰهُ فِىْ رَحْمَتِهٖ مَنْ يَّشَآءُ ۚ لَوْ تَزَيَّلُوْا لَعَذَّبْنَا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْهُمْ عَذَابًا اَلِيْمًا ﴿٢٥﴾

26 Nalika para kang padha kafir ing sajroning atiné kadunungan kumingsun, kumingsuné (jaman) kabodhoan, banjur Allah anurunaké tentrem marang Utusan-É lan marang para mukmin sarta anetepaké sabda *katulusan* marang dhèwèké lan mangkono iku wis beneré apa déné wis mungguh; lan Allah iku marang samubarang Udani.

Ar. *anjaga dhiri (saka ing ala)*

اِذْ جَعَلَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا فِىْ قُلُوْبِهِمُ الْحَمِيَّةَ حَمِيَّةَ الْجَاهِلِيَّةِ فَاَنْزَلَ اللّٰهُ سَكِيْنَتَهٗ عَلٰى رَسُوْلِهٖ وَعَلَى الْمُؤْمِنِيْنَ وَاَلْزَمَهُمْ كَلِمَةَ التَّقْوٰى وَكَانُوْٓا اَحَقَّ بِهَا وَاَهْلَهَا ۗ وَكَانَ اللّٰهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمًا ﴿٢٦﴾

RUKU' 4

Kamenanganipun Islam, anglindhihaken sadaya agami

27. Kamenangan ingkang cepak. 28. Pathok-pathoking kamenangan. 29. Angrembaka saking sakedhik.

2321. Ungeling prajanjian-prajanjian ingkang kasebut wonten ing prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah, punika boten maremaken tumrap titiyang Muslimin. Hadits ingkang kénging pinitados nyebutaken kalayan terang bilih Bagéndha 'Umar nglahiraken kalayan tanpa tédhéng aling-aling saking panggalihipun (Bkh). Ungeling prajanjian wau ingkang enggel-enggel makaten: (1) Para Muslimin kedah sami wangsul tanpa nindakaken ngibadah haji rumiyin. (2) Para Muslimin kénging nindakaken ngibadah haji bénjing ing taun candhakipun, nanging boten kénging langkung saking tigang dinten laminipun. Manawi wonten tiyang kafir ngrasuk Islam, lajeng tumut dhateng titiyang Muslimin, piyambakipun kedah dipun purih wangsul, nanging manawi wonten tiyang Islam ingkang tumut dhateng titiyang kafir, piyambakipun kedah boten dipun wangsulaken dhateng titiyang Muslimin. Prajanjian ingkang kantun piyambak punika ingkang kalangkung-langkung boten andadosaken pamaremipun para Muslimin. Nanging punika saged anedahaken sapinten genging kayakinanipun Kanjeng Nabi Suci dhateng kayektènipun Islam, jalaran panjenenganipun pitados saèstu, bilih boten badhé wonten sahabatipun ingkang ambalik dados kafir tuwin lajeng anggolong dhateng titiyang Quraisy; makaten ugi tiyang ingkang sampun ngrasuk agami Islam, mesthi botenipun badhé ambucal Islamipun margi saking dipun kaniaya, utawi margi saking boten dipun ayomi déning titiyang Muslimin. Kelampahan, titiyang Makkah ingkang sami ngrasuk Islam, margi saking boten angsal dudunung wonten ing Madinah, lajeng sami babadra padunungan ingkang bawa piyambak, lah ingkang makaten punika nandhakaken manawi pranyata santosa saèstu imanipun tuwin ikhlas saèstu anggènipun ngrungkebi agaminipun.

Saprakawis perlu katerangaken ing ngriki, punapa sababipun prajanjian wau katampi. Menggah ing sajatos-jatosipun, manawi mamrih kawilujenganipun para Muslimin piyambak, inggih kados makaten punika kedahipun. Ing Makkah, punika wonten tiyangipun Islam ingkang boten kasumerepan, nadyan sadhèrèkipun Muslimin piyambak ing Madinah. Lah manawi ngantos kelampahan wonten peperangan, titiyang Islam wau mesthi kémawon lajeng sami nandhang rekaos sasarengan kaliyan golongan mengsah. Punika anedahaken ugi, bilih ing Makkah pisan agami Islam tansah majeng kanthi sidheman sanajan tanpa wonten guru ingkang nununtun.

Ut. *bakal aparing nyatané*

Ut. *santosa*

27 Sayekti, temen Allah *wus* (*ameruhaké*) luyut kalawan kanyataan marang utusan-É: temen sira bakal lumebu Masjid Suci kalawan *rahayu* manawa Allah angarsakaké, (sawenèh) sirahira cukur lan (sawenèh) papal; sira bakal tanpa kuwatir; ananging Panjenengané anguningani apa kang sira padha ora weruh, mulané ing sadurungé iku Panjenengané andadèkaké kamenangan kang cepak.[2322]

لَقَدْ صَدَقَ اللّٰهُ رَسُوْلَهُ الرُّءْيَا بِالْحَقِّ ۚ لَتَدْخُلُنَّ الْمَسْجِدَ الْحَرَامَ اِنْ شَآءَ اللّٰهُ اٰمِنِيْنَ ۙ مُحَلِّقِيْنَ رُءُوْسَكُمْ وَمُقَصِّرِيْنَ ۙ لَا تَخَافُوْنَ ؕ فَعَلِمَ مَا لَمْ تَعْلَمُوْا فَجَعَلَ مِنْ دُوْنِ ذٰلِكَ فَتْحًا قَرِيْبًا ﴿۲۷﴾

28 Panjenengané iku kang wus angutus Utusan-Né kalawan tuntunan sarta agama kang bener, supaya Panjenengané angunggulaké iku anglindhih sakabèhing agama; lan wis cukup Allah minangka saksi.[2323]

هُوَ الَّذِيْۤ اَرْسَلَ رَسُوْلَهٗ بِالْهُدٰى وَدِيْنِ الْحَقِّ لِيُظْهِرَهٗ عَلَى الدِّيْنِ كُلِّهٖ ؕ وَكَفٰى بِاللّٰهِ شَهِيْدًا ﴿۲۸﴾

29 Muhammad iku Utusaning Allah, sarta para kang anyartani

مُحَمَّدٌ رَّسُوْلُ اللّٰهِ ؕ وَالَّذِيْنَ مَعَهٗۤ

2322. Tindakipun Kanjeng Nabi Suci dhateng Makkah perlu badhé nindakaken ngibadah haji, sarwi kadhèrèkaken sahabat-sahabatipun antawisipun 1200 kaliyan 1500 jiwa, punika awawaton luyut ingkang kasebutaken wonten ing ngriki punika. Ing dalem luyut, panjenenganipun mirsa saha bilih sariranipun tuwin sahabat-sahabatipun nindakaken ngibadah haji. Karana yakin dhateng kayektènipun luyut wau, panjenenganipun lajeng bidhal kanthi seja badhé nindakaken ngibadah haji. Nanging titiyang Makkah milawani panjenenganipun wonten ing Hudaibiyah; prajanjian bedhamén lajeng dipun damel wonten ing ngriku, ingkang manut prajanjian punika panjenenganipun kedah tumunten wangsul tanpa mawi nindakaken ngibadah haji rumiyin. Awit saking punika kayektènipun luyut wau katetepaken wonten ing ngriki. Kacethakaken, Kanjeng Nabi wangsul tindakipun punika boten mratandhakaken manawi luyutipun Kanjeng Nabi wau dora awit luyut wau anggènipun dipun jangkepi kanyataaning wahananipun bénjing ing taun candhakipun: sarta inggih makaten punika kenyataanipun. Kanjeng Nabi Suci nalika paring wangsulan dhateng Bagéndha ‘Umar bab prakawis kawratanipun Bagéndha ‘Umar tindak wangsul tanpa mawi nindakaken ngibadah haji rumiyin, punika inggih kados makaten wau pangandikanipun (Bkh).

2323. Piweca punika, inggih punika piweca bab menangipun Islam kaliyan sadaya agami, punika piweca ingkang mulur anyrambahi bénjing-bénjing ing wekdal ingkang badhé dhateng. Tanah Arab sampun ngalami kanyataanipun piweca wau nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi Suci. Nanging Islam menang, punika boten kok ateges bilih pandhèrèking Islam ajeg-ajegan menang ing dalem babagan pulitik punika boten; makaten ugi inggih boten ateges ing sawanci-wanci agami sanès-sanèsipun badhé sirna sadaya ngantos ludhes. Wondéné tegesipun piweca wau: ing wasananipun, kaluhuraning Islam ngungkuli agami sanès-sanèsipun sadaya, punika dipun jumenengaken, sarana Islam badhé dados agaminipun bangsa-bangsa ing salumahing bumi ingkang sabagéan kathah. Boten wonten kitab suci sanèsipun malih ingkang mecakaken kamenanganipun agami ingkang dipun wulangaken, tur kalayan tetembungan ingkang terang gamblang, kados piwecanipun Quran punika.

Ar. *sira andeleng dhèwèké*

dhèwèké iku padha ambek prakosa marang para kafir[2324] sih-sinihan sakancané, *katon* padha tumundhuk sumujud mamrih nugraha lan pirenaning Allah; tetengeré dumunung ing rainé saka tabeting sujud; iki gagambarané ing Taurat lan gagambarané ing Injil; kaya déné gaga kang nukulaké singgangé, iki banjur dikukuhaké; tumuli dadi agal, banjur dadi santosa adeging wité, ambungahaké sing padha nandur, supaya dhèwèké iki diagem amuringaké para kafir; Allah wus anyagahi pangapura sarta ganjaran gedhé marang dhèwèké para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik.

اَشِدَّآءُ عَلَى الْكُفَّارِ رُحَمَآءُ بَيْنَهُمْ
تَرٰىهُمْ رُكَّعًا سُجَّدًا يَّبْتَغُوْنَ فَضْلًا
مِّنَ اللّٰهِ وَرِضْوَانًا ۫ سِيْمَاهُمْ فِيْ
وُجُوْهِهِمْ مِّنْ اَثَرِ السُّجُوْدِ ۗ ذٰلِكَ
مَثَلُهُمْ فِى التَّوْرٰىةِ ۛ وَمَثَلُهُمْ فِى
الْاِنْجِيْلِ ۛ كَزَرْعٍ اَخْرَجَ شَطْـَٔهٗ
فَاٰزَرَهٗ فَاسْتَغْلَظَ فَاسْتَوٰى عَلٰى
سُوْقِهٖ يُعْجِبُ الزُّرَّاعَ لِيَغِيْظَ بِهِمُ
الْكُفَّارَ ۗ وَعَدَ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا
وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ مِنْهُمْ مَّغْفِرَةً
وَّاَجْرًا عَظِيْمًا ۝٢٩

2324. *Asyidda'* punika *jama'*-ipun *syadîd*, ingkang limrahipun ateges *kekah*, *santosa*, *kiyat* (LA-LL), nanging ugi ateges *kendel*, *kiyat manahipun* (LA,Q-LL). Tembungipun ingkang sakawit, *syiddah*, punika ugi ateges *kenceng* utawi *kiyating manah*, miturut TA. Ing jarwan basa Inggris dipun tegesi *fierce* utawi *vehement* (*keras* utawi *galak-ladak*), punika tumrapipun ing ngriki boten leres.

ركوعاتها ٢ سُوۡرَةُ الۡحُجُرٰتِ مَدَنِيَّةٌ (٤٩) اٰيَاتُهَا ١٨

SURAT 49

AL-HUJURÂT

(*Kamar-kamar*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*2 ruku’, 18 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’ 1. Angajèni dhateng Kanjeng Nabi.
Ruku’ 2. Aji-ingajènan.

Namanipun

Namanipun surat punika pipiridan saking ayat 4, ingkang andhawuhaken para Muslimin sampun sok nguwuh-uwuh ing Kanjeng Nabi saking sajawining *senthong* padalemanipun Kanjeng Nabi. Rèhning tumurunipun surat punika nalika jaman para titiyang kathah sami wiwit byuk-byukan manjing Islam, sarta para wawakiling pancer gentos-gentos anggilir dhateng ing Madinah, milanipun perlu sanget para titiyang kathah wau sami dipun wulangi tatakrama ingkang prayogi punapa déné kasusilan ingkang saé; lah ing surat punika wonten piwulang bab angaosi “wancining miyambak” boten namung tumrap sariranipun Kanjeng Nabi kémawon, nanging ugi tumrap para Muslimin umumipun. Kanjeng Nabi punika boten namung dados sesepuhipun ruhani umat Islam kémawon, nanging panjenenganipun punika ugi dados nabi, ingkang kedah nuntuni umatipun tumrap prakawis agami tuwin prakawis donya. Panjenenganipun kedah mulang dhateng umatipun wau prakawis unggah-ungguh tuwin piwulang kasusilan; mancasi prakawisipun tuwin yasa undhang-undhang tumrap para titiyang wau; ngimami salat para titiyang wau, sujud wonten ing ngarsanipun Pangéran, tuwin mangajengi para titiyang wau medal dhateng madyaning peperangan ngayoni mengsah ingkang kiyat; awit saking punika, perlu sanget para ingkang sami manjing Islam énggalan sami ngaosi wekdalipun Kanjeng Nabi.

Titimangsaning tumurunipun, gathuking suraosipun, tuwin babipun ingkang kawarsitakaken

Surat punika katurunaken ing Madinah nalika taun Hijrah 9. Para mufassir sarujuk amastani bilih ayat-ayat ingkang wiwitan punika tumurunipun nalika jaman pisowanipun para wawakiling titiyang Bani Tamim. Rèhning surat ingkang sampun-sampun mangandikakaken bab kamenangan-kamenangan tumrap para Muslimin, sarta rèhning kamenangan punika mahanani sakéca, mila surat punika lajeng angundhangaken piawon-piawon ingkang pinanggih wonten ing babrayan ingkang sampun majeng ingkang kèlem wonten ing gesang sakéca tuwin among-suka. Gangsal ayat ingkang wiwitan paring piwulang patrap ingkang kados pundi ingkang kedah dipun anggé tumrap dhateng Kanjeng Nabi; tigang ayat candhakipun andhawuhaken sadaya prakawis ingkang wigatos kedah katur dhateng panjenenganipun, sarta ruku’ punika dipun pungkasi kalayan dhawuh ingkang maréntahaken dhateng kaum Muslimin supados angrukunaken manawi wonten golongan Muslimin kakalih sami peperangan. Dhawuh punika ugi adhadhasar ngaosi ing Kanjeng Nabi, awit sadaya tiyang Islam punika menggahing ruhani putranipun Kanjeng Nabi; awit saking punika, ngrukunaken para putranipun, punika menggah ing sajatosipun nama ngaosi dhateng panjenenganipun, ingkang sampun masang tatalesing pasadhèrèkanipun bangsa-bangsa saha pancer-pancer ingkang mawarni-warni ing jagad punika. Ruku’ ingkang kaping kalih maringi para Muslimin sawenèh wawatekan saé tumraping babrayan, tuwin dhawuh dhateng para Muslimin supados sami nebihi sawenèh piawon-piawon ingkang dados wisaning babrayan, awit wawatekan awon punika mitunani sanget dhateng tatalesing pasadhèrèkanipun manusa

RUKU' 1

Angajèni dhateng Kanjeng Nabi

1-5. Para mukmin kedah angajèni Kanjeng Nabi. 6-8. Sadaya prakawis ingkang perlu-perlu kedah dipun aturaken dhateng Panjenenganipun. 9, 10. Pirukunipun para mukmin.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

Ut. *kasusu nggégé*

1 É, para kang padha angèstu! aja sira padha *anglancangi* ana ngarsaning Allah lan Utusan-É, lan dituhu-tuhu ing (wajibira marang) Allah; sayekti Allah iku Miyarsa, Udani.[2325]

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تُقَدِّمُوْا بَيْنَ
يَدَيِ اللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ۗ اِنَّ
اللّٰهَ سَمِيْعٌ عَلِيْمٌ ۝١

2 É, para kang padha angèstu! aja padha andhuwuraké swaranira angungkuli swaraning Nabi, lan aja seru-seru ing pangucap marang dhèwèké kaya seruning pangucap marang padha kancanira, supaya panggawé-panggawénira aja muspra, kalawan sira ora padha rumasa.[2326]

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَرْفَعُوْٓا اَصْوَاتَكُمْ
فَوْقَ صَوْتِ النَّبِيِّ وَلَا تَجْهَرُوْا لَهٗ
بِالْقَوْلِ كَجَهْرِ بَعْضِكُمْ لِبَعْضٍ اَنْ
تَحْبَطَ اَعْمَالُكُمْ وَاَنْتُمْ لَا تَشْعُرُوْنَ ۝٢

sadaya ingkang kapasang déning Islam, inggih punika: tresna lan asih. Kaèngetana bilih pasadhèrèkanipun para manusa cara Islam, punika pasadhèrèkan ingkang boten adhadhasar béda-bédaning pancer lan gotrah, nanging adhadhasar bekti lan katulusan, dados sinten ingkang tulus piyambak punika ingkang langkung dipun aosi. Wekasanipun ruku' punika mratélakaken bilih tiyang anggolong dhateng pasadhèrèkan Islam punika boten nama motangaken kasaénan dhateng Islam, nanging Islam punika malah jatos-jatosing nugraha tumrap piyambakipun; manawi bab punika boten dipun rumaosi, piyambakipun mesthi boten badhé ngundhuh pigunanipun anggolong dhateng pasadhèrèkan Islam.

2325. Tembung *tuqaddimû* ing ngriki punika sami kaliyan tembung *tataqaddamû* (Rz). Jarwanipun ingkang limrah kasebutaken wonten ing margin, awit tembung wau kedah wonten lésanipun. *Aja sira anglancangi ing sabarang prakara Ing ngarsaning Allah*, tegesipun ing ngarsaning dhawuh-timbalanipun Allah. Wigatosing dhawuh maréntahaken pambangun-turut ingkang ambabar pisani.

2326. Quran punika boten namung mulangaken budipakarti ingkang luhur-luhur kémawon, nanging ugi mranata bab solah-bawa tumrap wonten ing gesang babrayan, awit piwulangipun Quran punika kakarsakaken tumrap para manusa ing sadaya tataran. Nalika titiyang kathah wiwit byuk-byukan ngrasuk agami Islam, wontenipun pitedah ingkang kados makaten wau lajeng perlu sanget, sarta pitedah ingkang kados makaten wau badhé tansah dipun betahaken tiyang kathah ing sadhéngah babrayan. Suwanten sora punika suwantenpun tiyang gumedhé utawi tiyang nepsu.

3 Sayekti, para kang padha anglirihaké swarané ana ngarepé Utusaning Allah, iku wong kang atiné wis padha ditodhi déning Allah tumrap anjaga dhiri (saka ing ala); iku bakal padha olèh pangapura sarta ganjaran kang gedhé.

إِنَّ الَّذِينَ يَغُضُّونَ أَصْوَاتَهُمْ عِندَ
رَسُولِ اللَّهِ أُولَٰئِكَ الَّذِينَ امْتَحَنَ
اللَّهُ قُلُوبَهُمْ لِلتَّقْوَىٰ ۚ لَهُم مَّغْفِرَةٌ
وَأَجْرٌ عَظِيمٌ ③

4 Sayekti, para kang anguwuh sira saka saburining kamar-kamar (-ira) iku sing akèh padha ora mangerti.[2327]

إِنَّ الَّذِينَ يُنَادُونَكَ مِن وَرَاءِ
الْحُجُرَاتِ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ④

Ar. *sametunira marang dhèwèké*

5 Lan manawa dhèwèké padha sabara angentèni *sametunira*, amasthi luwih becik tumrap dhèwèké, lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

وَلَوْ أَنَّهُمْ صَبَرُوا حَتَّىٰ تَخْرُجَ إِلَيْهِمْ
لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ ۚ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ⑤

Ar. *murang yekti*

6 É, para kang padha angèstu! manawa ana wong kang *ora tulus* anekani sira anggawa pawarta, lah titipriksanen, mundhak sira amitunani uwong jalaran saka ora mangerti, satemah sira nandhang pidhuwung marang panggawénira.[2328]

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِن جَاءَكُمْ
فَاسِقٌ بِنَبَإٍ فَتَبَيَّنُوا أَن تُصِيبُوا
قَوْمًا بِجَهَالَةٍ فَتُصْبِحُوا عَلَىٰ مَا
فَعَلْتُمْ نَادِمِينَ ⑥

7 Lan padha weruha, yèn ing antaranira iku ana Utusaning Allah, manawa ing dalem sapirang-pirang prakara dhèwèké manut marang sira, amasthi sira bakal tumiba ing rekasa, ananging Allah andhemenaké sira marang iman

وَاعْلَمُوا أَنَّ فِيكُمْ رَسُولَ اللَّهِ ۚ لَوْ
يُطِيعُكُمْ فِي كَثِيرٍ مِّنَ الْأَمْرِ لَعَنِتُّمْ
وَلَٰكِنَّ اللَّهَ حَبَّبَ إِلَيْكُمُ الْإِيمَانَ

2327. Kados déné ingkang sampun kasebutaken, nalika titiyang kathah wiwit sami lumebet agami Islam, saking antawisipun titiyang wau kathah tiyang ingkang bodho-bodho, dhateng piwulang tatakrami ingkang limrah-limrah kémawon, ingkang kanggé wonten ing babrayan, boten mangertos. Para titiyang wau sami nguwuh dhateng Kanjeng Nabi kalayan suwanten ingkang sora, mangka panjenenganipun inggih wonten ing dalem. Patrap makaten punika dipun awisi, awit nama murang-tata dhateng Kanjeng Nabi Suci.

2328. Ing wekdal wonten kawontenan perang ing kalanipun mengsah kedah dipun rampungi kalayan tumunten, wontenipun pitedah ingkang kados makaten punika mungguh sanget. Sabarang rèh, nadyan wigatos kanggé perluning prang, tumindakipun kedah kalayan pangatos-atos ingkang sanget, perlunipun supados titiyang ingkang boten kagolong mengsah boten nandhang pituna.

Ar. *ing atinira*

sarta amamaèsi *atinira*, apa déné anggethingaké sira marang kakafiran lan pamurang-yekti tuwin pambaléla; iki wong kang padha miturut dadalan bener,

وَزَيَّنَهُ فِي قُلُوبِكُمْ وَكَرَّهَ إِلَيْكُمُ الْكُفْرَ وَالْفُسُوقَ وَالْعِصْيَانَ ۚ أُولَٰئِكَ هُمُ الرَّاشِدُونَ ﴿٧﴾

8 Amarga saka lubèring paparing sarta nugraha saka ing Allah; lan Allah iku Ngudanèni, Wicaksana.

فَضْلًا مِّنَ اللَّهِ وَنِعْمَةً ۚ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿٨﴾

9 Lan manawa ana mukmin rong papanthan padha kekerengan, lan agawéa pirukun marang sakaroné; ananging manawa kang sawiji atindak salah marang liyané, lan perangana kang atindak salah iku, nganti sabaliné marang paréntahing Allah; lan manawa wis bali, banjur agawé pirukun marang sakaroné kalawan ngadil sarta tumindak sing jejeg; sayekti Allah iku tresna marang wong kang padha tumindak jejeg.[2329]

وَإِن طَائِفَتَانِ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ اقْتَتَلُوا فَأَصْلِحُوا بَيْنَهُمَا ۖ فَإِن بَغَتْ إِحْدَاهُمَا عَلَى الْأُخْرَىٰ فَقَاتِلُوا الَّتِي تَبْغِي حَتَّىٰ تَفِيءَ إِلَىٰ أَمْرِ اللَّهِ ۚ فَإِن فَاءَتْ فَأَصْلِحُوا بَيْنَهُمَا بِالْعَدْلِ وَأَقْسِطُوا ۖ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُقْسِطِينَ ﴿٩﴾

10 Para mukmin iku rak sadulur; mulané agawéa pirukun antarané para sadulurira, sarta padha dituhu-tuhu (ing wajibira marang) Allah; supaya sira padha pinaringan wilasa.

إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ إِخْوَةٌ فَأَصْلِحُوا بَيْنَ أَخَوَيْكُمْ ۚ وَاتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿١٠﴾

2329. Dipun riwayataken, wekdal nalika tumurunipun ayat punika, wonten pasulayan antawisipun titiyang Aus lan titiyang Khazraj inggih punika pancer kakalih ingkang enggel ing Madinah, ingkang lajeng mahanani wontenipun antem-anteman (Kf). Nanging punika boten lajeng ateges bilih ayat punika namung tumindhak tumrap prakawis wau thok. Menggah ing sajatos-jatosipun ayat punika wigatos dhawuh dhateng kaum Muslimin, supados manawi wonten sagolongan saking antawisipun titiyang Muslimin crah kaliyan satunggalipun, kaum Muslimin umumipun sampun ngantos kèndel-kèndelan kémawon. Manawi wonten prakawis ingkang kados makaten punika, kaum Muslimin kedah tumandanging damel ing sakiyat-kiyatipun lumawan golongan ingkang lepat. Saupami kaum Muslimin mituhu dhateng dhawuh punika, tandha kaum Muslimin boten kécalan panguwaosipun, tuwin boten badhé kelampahan babrayan Muslimin dados ajangipun tukang damel wisuna ingkang namung sakedhik cacahipun ingkang damelipun nanem wijining pasulayan. Sikep kèndel-kèndelan dhateng *fatwa kafir* (mastani kafir) ingkang dipun tumrapaken dhateng sadhèrèkipun Islam piyambak para Mullah ingkang mudhadhamèng budi, punika pranyata mitunani sanget dhateng manunggiling pasadhèrèkanipun kaum Muslimin. Manawi kaum Muslimin boten saiyeg andhuwa *fatwa kafir* wau, kaum Muslimin sampun gadhah pangajeng-ajeng dhateng wontenipun "persatuan" ingkang sajati.

RUKU' 2

Aji-ingajènan

11, 12. Para Muslimin dhinawuhan anyingkiri lampah ingkang nyudakaken kahurmataning liyan. 13. Anetepaken tatalesing pasadhèrèkanipun para manusa. 14-18. Tiyang Islam énggal-énggalan.

11 É, para kang padha angèstu! (sawijining) golongan aja angguguyu golongan (sijiné): mbok-manawa iku luwih becik tinimbang awaké; lan para wong wadon aja (angguguyu) wadon (liyané): mbok-manawa iku luwih becik tinimbang awaké; lan aja angala-ala bangsanira dhéwé tuwin aja jangkar-jinangkar kalawan paraban; ala jeneng nistha iku sawisé iman, lan sapa sing ora tobat, lah yaiku wong kang padha atindak dudu.[2330]

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا يَسْخَرْ قَوْمٌ
مِّنْ قَوْمٍ عَسٰۤى اَنْ يَّكُوْنُوْا خَيْرًا
مِّنْهُمْ وَلَا نِسَآءٌ مِّنْ نِّسَآءٍ عَسٰۤى
اَنْ يَّكُنَّ خَيْرًا مِّنْهُنَّ ۚ وَلَا تَلْمِزُوْۤا
اَنْفُسَكُمْ وَلَا تَنَابَزُوْا بِالْاَلْقَابِ ؕ
بِئْسَ الِاسْمُ الْفُسُوْقُ بَعْدَ الْاِيْمَانِ ۚ
وَمَنْ لَّمْ يَتُبْ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الظّٰلِمُوْنَ ﴿۱۱﴾

12 É, para kang padha angèstu! padha sumingkira saka nyana kang anèh, sayekti sawenèhing panyana iku dosa, lan aja padha nelik, tuwin sawenèhira aja nyatur ala sawenèhé. Apa ta salah sawijinira iku seneng yèn mangana dagingé saduluré kang mati? Ananging iku sira padha gething; lan di tuhu-tuhu ing (wajibira marang) Allah, sayekti Allah iku tansah bola-bali (wilasa-Né), Mahaasih.

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اجْتَنِبُوْا كَثِيْرًا
مِّنَ الظَّنِّ ۫ اِنَّ بَعْضَ الظَّنِّ اِثْمٌ وَّلَا
تَجَسَّسُوْا وَلَا يَغْتَبْ بَّعْضُكُمْ بَعْضًا ؕ
اَيُحِبُّ اَحَدُكُمْ اَنْ يَّاْكُلَ لَحْمَ اَخِيْهِ
مَيْتًا فَكَرِهْتُمُوْهُ ؕ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ؕ اِنَّ
اللّٰهَ تَوَّابٌ رَّحِيْمٌ ﴿۱۲﴾

13 É, para manusa! sayekti Ingsun wis anitahaké sira saka wong lanang lan wong wadon, sarta andadèkaké sira dadi pancer-pancer lan kulawangsa-kulawangsa,

يٰۤاَيُّهَا النَّاسُ اِنَّا خَلَقْنٰكُمْ مِّنْ ذَكَرٍ
وَّ اُنْثٰى وَجَعَلْنٰكُمْ شُعُوْبًا وَّ قَبَآئِلَ

2330. Ayat punika saha ayat-ayat sambetipun, ngrembag sawenèh piawon ingkang sakalangkung sumrambah wonten ing babrayanipun bangsa-bangsa ingkang sampun majeng, sarta ingkang saged adamel karisakan ingkang tandhes tumrap dhateng babrayan. Ingkang cepak, piawon-piawon wau tuwuhipun sareng kaliyan bandha; awit samangsa tiyang punika sakéca gesangipun, ingkang cepak lajeng sengsem ngraosi awoning sanès, dadosipun tresnaning pasadhèrèkan lan supeketing mimitran sirna, gegethingan satunggal dhateng satunggalipun dados gegentosipun.

لِتَعَارَفُوٓا۟ ۚ إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِندَ ٱللَّهِ أَتْقَىٰكُمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌ خَبِيرٌ ﴿١٣﴾

supaya sira padha weruh-wineruhan; sayekti mulya-mulyanira mungguhing Allah iku sira kang banget tuhu-tuhuné (ing wajibé); sayekti Allah iku Angudanèni, Waspada.[2331]

قَالَتِ ٱلْأَعْرَابُ ءَامَنَّا ۖ قُل لَّمْ تُؤْمِنُوا۟ وَلَٰكِن قُولُوٓا۟ أَسْلَمْنَا وَلَمَّا يَدْخُلِ ٱلْإِيمَٰنُ فِى قُلُوبِكُمْ ۖ وَإِن تُطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ لَا يَلِتْكُم مِّنْ أَعْمَٰلِكُمْ شَيْـًٔا ۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٤﴾

14 Wong-wong ing sagara wedhi
Ut. *angèstua* padha calathu: Kula sami *iman*,
Ut. *angèstua* Calathua: Kowé padha ora *iman*,
ananging padha calathua: Kula
Ut. *Islam* sami *sumarah*; lan iman durung lumebu ing ati-atinira; lan manawa sira ambangun turut ing Allah lan Utusan-É, Panjenengané ora bakal angelongi panggawènira sathithik-thithika; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[2332]

إِنَّمَا ٱلْمُؤْمِنُونَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ ثُمَّ لَمْ يَرْتَابُوا۟ وَجَٰهَدُوا۟ بِأَمْوَٰلِهِمْ وَأَنفُسِهِمْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلصَّٰدِقُونَ ﴿١٥﴾

15 Para mukmin iku mung kang padha angèstu ing Allah lan Utusan-É, tumuli ora semang-semang sarta (banjur) nyarempeng ing dadalaning Allah kalawan bandhané lan jiwané; ya iki para wong temen.

قُلْ أَتُعَلِّمُونَ ٱللَّهَ بِدِينِكُمْ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ ۚ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿١٦﴾

16 Calathua: Apa sira padha ngawuningakaké ing Allah prakara agamanira, lan Allah iku angudanèni apa kang ing langit-langit lan apa kang ana ing bumi; lan Allah iku marang samubarang udani.

2331. Piwulang bab pasadhèrèkanipun rnanusa, kajumenengaken wonten ing dhawuh ngriki kalayan dhinasaran ing tatales ingkang sakalangkung wiyar. Ingkang katuju ing dhawuh punika boten ngemungaken titiyang mukmin kémawon, kados déné ayat kakalih ingkang sampun, nanging para manusa umumipun. Kadhawuhaken, bilih sadaya manusa punika kénging winastan sabrayat, déné lajeng dados pinten-pinten bangsa, pinten-pinten pancer tuwin pinten-pinten gotrah, punika kedahipun boten murugaken boten wanuh nanging malah kedah murugaken langkung wanuh satunggal kaliyan satunggalipun. Ing dalem pasadhèrèkan ingkang wiyar punika ingkang nama luhur ngungkuli satunggalipun, punika boten gumantung ing kabangsanipun, bandhanipun, utawi pangkatipun, nanging mirid pundi ingkang langkung bekti utawi langkung ngatos-atos anggènipun netepi ing kawajibanipun; dados terangipun, gumantung ing luhuring budipakarti.

2332. Ing ngriki para Muslimin kadhawuhan kedah ingkang saé tuwin alus pangrengkuhipun dhateng tiyang, nadyan piyambakipun dèrèng nandhes saèstu anggènipun ngrungkebi agami, margi taksih calon utawi magangan, awit piyambakipun punika sampun kagolong dados warganing Pasadhèrèkan Muslimin.

17 Rumasané, dhèwèké iku padha potang kabecikan marang sira déning anggoné padha dadi Islam. Calathua: Aja sira padha rumasa potang kabecikan marang aku kalawan Islamira, balik Allah iku Kang potang kabecikan marang sira, déning anggon-É wus anuntun sira marang iman, manawa sira iku padha wong temen.

يَمُنُّونَ عَلَيْكَ أَنْ أَسْلَمُوا ۖ قُلْ لَّا
تَمُنُّوا عَلَيَّ إِسْلَامَكُمْ ۖ بَلِ اللَّهُ يَمُنُّ
عَلَيْكُمْ أَنْ هَدَاكُمْ لِلْإِيمَانِ إِنْ
كُنْتُمْ صَادِقِينَ ﴿١٧﴾

18 Sayekti Allah iku anguningani kang ora katon ing langit-langit lan bumi, lan Allah iku amirsani apa kang padha sira lakoni.

إِنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ غَيْبَ السَّمَاوَاتِ وَ
الْأَرْضِ ۚ وَاللَّهُ بَصِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ ﴿١٨﴾

آيَاتُهَا ٤٥ (٥٠) سُوْرَةُ قٓ مَكِّيَّةٌ رُكُوْعَاتُهَا ٣

SURAT 50

QÂF

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ruku', 45 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1-3. Kiyamat.

Nama lan babipun ingkang kawarsitakaken

Surat punika marsitakaken bab kiyamat; déné nama *Qâf*, punika mirid saking aksara pangringkesing tetembungan, ingkang wigatos dhawuh anggatosaken agunging kawasanipun Pangéran. Ruku' ingkang sapisan dhawuh anggatosaken dhateng pasaksinipun dumadi, sarta anggatosaken wulang-wuruk pipiridan saking nasib ingkang kasandhang ing umat-umat ingkang rumiyin-rumiyin. Ruku' ingkang kaping kalih nerangaken bilih saben tindak punika mesthi wonten temahanipun, sarta temahan punika bènjing ing dinten kiyamat badhé ginelar ngeblak. Ruku' ingkang kaping tiga nerangaken bilih awon lan saé punika mesthi badhé wonten wawalesipun piyambak-piyambak, sarta pancasan punika mesthi wonten saèstu, inggih ing donya ngriki, inggih ing akhirat. Wonten ing salebetipun surat punika kagerba dados satunggal boten kapilah-pilahaken.

Gathuking suraosipun tuwin titimangsaning tumurunipun

Surat ingkang sampun, marsitakaken sawenèh piwulang tata-krami tuwin kasusilan ingkang kedah dados kanthining kawontenan sakéca. Sarta, rèhning kawontenan sakéca wau ingkang sok murugaken nglirwakaken akhirat – ing mangka pancasan ingkang sok andhawahi manusa, inggih ing donya ngriki, inggih ing akhirat, punika tansah cumawis samangsa kawontenan wau sampun ginayuh – dados sasambetanipun surat punika kaliyan surat nginggilipun, punika sampun cetha. Sadaya kémawon sarujuk amastani bilih surat punika wahyu Makkiyah sarta kénging kagolongaken ing jaman Makkah wiwitan.

RUKU' 1

Kiyamat

1-5. Para kafir sami gumun. 6-11. Ngalam punika angekahaken kasunyatanipun qiyamat. 12-15. Wuwulang ingkang pinanggih salebeting pandumipun titiyang kina.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Allah Ingkang-Mahakawasa,[2333] dhemi Quran kang minulya![2334]

قٓ ۚ وَالْقُرْاٰنِ الْمَجِيْدِ ۙ ۝١

2333. Aksara *qâf* punika saged dados cekakanipun asmaning Pangéran *Qâdir* utawi *Qadîr*, ingkang

2334. *Mirsanana kaca candhakipun.*

2 O, dhèwèké padha gumun, déné ana juru-pépéling anekani dhèwèké saka ing golongané; banjur si kafir padha calathu: Iki barang kang anggumunaké:

بَلْ عَجِبُوٓا أَن جَآءَهُم مُّنذِرٌ مِّنْهُمْ فَقَالَ ٱلْكَٰفِرُونَ هَٰذَا شَىْءٌ عَجِيبٌ ٢

3 Apa! samangsa aku wis padha mati sarta wis padha dadi lebu? Iku bali kang adoh (bisané kalakon).

أَءِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا ۖ ذَٰلِكَ رَجْعٌۢ بَعِيدٌ ٣

4 Temen Ingsun angudanèni barang anggoné ngelongi si bumi saka dhèwèké, sarta ing ngarsa-Ningsun ana tutulisan kang anyimpen.[2335]

قَدْ عَلِمْنَا مَا تَنقُصُ ٱلْأَرْضُ مِنْهُمْ ۖ وَعِندَنَا كِتَٰبٌ حَفِيظٌۢ ٤

5 O, dhèwèké padha anggorohaké marang kasunyatan samangsa anekani awaké; mulané (saiki) padha dumunung ing kahanan kang éwuhaya.[2336]

بَلْ كَذَّبُوا۟ بِٱلْحَقِّ لَمَّا جَآءَهُمْ فَهُمْ فِىٓ أَمْرٍ مَّرِيجٍ ٥

Ar. *yasa iku*
Ar. *ngre-rengga iku*

6 Lah apa ta padha ora angawasaké marang langit ing sadhuwuré, kapriyé anggon-Ingsun *yasa* sarta anggon-Ingsun *ngrerengga*, apa déné anggoné ing kono tanpa bobolongan?

أَفَلَمْ يَنظُرُوٓا۟ إِلَى ٱلسَّمَآءِ فَوْقَهُمْ كَيْفَ بَنَيْنَٰهَا وَزَيَّنَّٰهَا وَمَا لَهَا مِن فُرُوجٍ ٦

7 Lan bumi, kang wus Ingsun gelar sarta ing kono wus Ingsun dokoki gunung, apa déné ing kono Ingsun wus anukulaké sarupaning jenis kang éndah-éndah,

وَٱلْأَرْضَ مَدَدْنَٰهَا وَأَلْقَيْنَا فِيهَا رَوَٰسِىَ وَأَنۢبَتْنَا فِيهَا مِن كُلِّ زَوْجٍۭ بَهِيجٍ ٧

---

jawinipun *Pangéran Ingkang-Mahakawasa* utawi dados cekakaning ukara قضى الامر jawinipun *prakara (tegesipun dhumawahing siksa) wis kaputus* (Rz).

2334. Punika pangungun dhateng kafiripun titiyang Makkah. Sampun jaman wiwitan mila, dhawuh Quran ing sagemblengipun punika kasebutaken wonten ing dhawuh kitab satunggal.

2335. Ingkang dipun karsakaken inggih punika catetan temahaning pandamelipun tiyang. Sabarang ingkang perlu: kanggé gesang saampuning pejah. kareksa trep ing sawetahipun.

2336 Mila kapangandikakaken bilih sami dumunung wonten ing kawontenan bingung awit para titiyang wau sami boten mangertos kados pundi badhé panganggepipun dhateng yakti wau. Samangké piyambakipun sampun sami nyumerepi manawi panganggepipun ingkang sakawit dhateng yakti wau lepat sarta saya dangu kayektènipun saya katingal cetha. Nanging rèhning sampun kelajeng angemohi, para titiyang wau rumaos awrat yèn ta lajeng ngakena ing kayektènipun.

8 Minangka sasawangan sarta péling tumrap sarupaning kawula kang tansah madhep (ing Allah).

تَبْصِرَةً وَّذِكْرٰى لِكُلِّ عَبْدٍ مُّنِيْبٍ ۝٨

9 Lan Ingsun anurunaké banyu saka mendung, agung barkahé; tumuli Ingsun anggo nukulaké (tutuwuhan ing) pataman lan gaga kang dienèni,

وَنَزَّلْنَا مِنَ السَّمَآءِ مَآءً مُّبٰرَكًا
فَاَنْۢبَتْنَا بِهٖ جَنّٰتٍ وَّحَبَّ الْحَصِيْدِ ۝٩

10 Apa déné kurma kang dhuwur kang janjangané sungsun-sungsun ambiyet.

وَالنَّخْلَ بٰسِقٰتٍ لَّهَا طَلْعٌ نَّضِيْدٌ ۝١٠

11 Minangka rijeki tumrap para kawula, sarta Ingsun anggo nguripaké tanah kang mati; kaya mangkono tangi(-ning manusa iku).[2337]

رِّزْقًا لِّلْعِبَادِ وَاَحْيَيْنَا بِهٖ بَلْدَةً مَّيْتًا
كَذٰلِكَ الْخُرُوْجُ ۝١١

12 (Wong ing) sadurungé dhèwèké padha anggorohaké (para nabi) kaumé Nuh, sarta wong-
a. 1786 wong kang angenggoni Ar-Rass[a]
b. 94, 914 tuwin Tsamud,[b]

كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوْحٍ وَّاَصْحٰبُ
الرَّسِّ وَثَمُوْدُ ۝١٢

c. 903, 907 13 Apa déné ‘Ad[c] sarta Fir’aun lan saduluré-saduluré Luth,

وَعَادٌ وَّفِرْعَوْنُ وَاِخْوَانُ لُوْطٍ ۝١٣

14 Sarta wong kang ngenggoni
d. 1347 gugrumbulan[d] lan kaum Tubba’;[e]
e. 2274 kabèh padha anggorohaké para utusan, mulané pangancam-Ingsun
ar. *kayektèn* *kalakon temenan.*

وَّاَصْحٰبُ الْاَيْكَةِ وَقَوْمُ تُبَّعٍ كُلٌّ
كَذَّبَ الرُّسُلَ فَحَقَّ وَعِيْدِ ۝١٤

15 Lan apa ta Ingsun iki sayah déning anitahaké-titah kang sakawit? Ananging dhèwèké padha dumunung ing semang-semang tumrap tumitah-ing-titah kang anyar.[2338]

اَفَعَيِيْنَا بِالْخَلْقِ الْاَوَّلِ بَلْ هُمْ
فِيْ لَبْسٍ مِّنْ خَلْقٍ جَدِيْدٍ ۝١٥

2337. Ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika: pambangun ingkang badhé tuwuh saking dayanipun Quran.

2338 Suraosipun, panguwaosipun Allah boten suda nalika kanggé ngrampungi ummat ingkang rumiyin-rumiyin, ingkang ngantos mahanani piyambakipun lajeng dados semang-semang dhateng panguwaosipun Pangéran ingkang badhé kanggé ngrampungi umat énggal. Utawi, titah ingkang sapisan punika tumitahing wadhagipun manusa, déné titah ingkang kaping kalih punika pambangunaning ruhaniyahipun.

RUKU' 2

Kiyamat

16-18. Sadaya tembung tuwin tindaking manusa punika kasimpen. 19-22. Kabukaning warana. 23-29. Ngeblakipun naraka.

16 Lan sayekti temen Ingsun wus anitahaké manusa, sarta angudanèni apa kang dibisikaké nafsuné marang awaké, lan Ingsun iki marang dhèwèké luwih cedhak tinimbang otot-gulu-iring.

وَلَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ وَنَعْلَمُ مَا تُوَسْوِسُ بِهِ نَفْسُهُ ۖ وَنَحْنُ أَقْرَبُ إِلَيْهِ مِنْ حَبْلِ الْوَرِيدِ ﴿١٦﴾

17 Nalika juru-nampani loro anampani saka ing sisih tengen lan saka ing sisih kiwa kalawan lungguh.

إِذْ يَتَلَقَّى الْمُتَلَقِّيَانِ عَنِ الْيَمِينِ وَعَنِ الشِّمَالِ قَعِيدٌ ﴿١٧﴾

18 Ora kena ora, wong ngucapaké tembung sakecap baé masthi ing sacedhaké ana kang anjaga sumadhiya.[2339]

مَا يَلْفِظُ مِنْ قَوْلٍ إِلَّا لَدَيْهِ رَقِيبٌ عَتِيدٌ ﴿١٨﴾

19 Lan lilimput pati bakal tumeka kalawan nyata; iku barang kang arep kosingkiri.

وَجَاءَتْ سَكْرَةُ الْمَوْتِ بِالْحَقِّ ۖ ذَٰلِكَ مَا كُنْتَ مِنْهُ تَحِيدُ ﴿١٩﴾

Ar. *sebul* a. 789

20 Lan selomprèt bakal di-*unèkaké*;[a] iku dina ancaman.

وَنُفِخَ فِي الصُّورِ ۚ ذَٰلِكَ يَوْمُ الْوَعِيدِ ﴿٢٠﴾

Ar. *Kanthiné*

21 Lan sarupaning jiwa bakal teka, *kang anyartani* iku tukang anggiring lan saksi.[2340]

وَجَاءَتْ كُلُّ نَفْسٍ مَعَهَا سَائِقٌ وَشَهِيدٌ ﴿٢١﴾

22 Sayekti sira iku biyèn temen léna marang prakara iki, ananging saiki Ingsun wus ambuka alingalingira, mulané ing dina iki pandelengira trawaca.[2341]

لَقَدْ كُنْتَ فِي غَفْلَةٍ مِنْ هَٰذَا فَكَشَفْنَا عَنْكَ غِطَاءَكَ فَبَصَرُكَ الْيَوْمَ حَدِيدٌ ﴿٢٢﴾

2339. Ayat titiga punika ngèngetaken dhateng para manusa, bilih sadaya pandamelipun tuwin pangucapipun sami angedalaken woh. Sabarang ingkang kaucapaken tuwin katindakaken boten wonten ingkang muspra. *Yamîn*, utawi sisih tengen, punika *kasaénan* déné *syimâl*.', utawi sisih kiwa, punika *piawon* (TA).

2340. *Tukang anggiring* punika tegesipun ingkang ngojok-ojoki dhateng awon, déné saksi punika ingkang ngajak dhateng yakti. Kateranganipun sanès ugi kasebutaken (Bd).

2341. Ayat punika nedahaken kalayan terang bilih temahaning pandamel awon, ingkang wonten ing gesang sapunika sumingid saking mripatipun manusa, punika badhé dipun damel ngegla gumelar

23 Lan kanthiné calathu: Iki barang kang wis cumawis ana ing sandhingku.	وَقَالَ قَرِينُهُ هَٰذَا مَا لَدَيَّ عَتِيدٌ ﴿٢٣﴾
24 Padha cemplungna ing jahanam sarupané kang ora weruh ing panarima, mirong,[2342]	أَلْقِيَا فِي جَهَنَّمَ كُلَّ كَفَّارٍ عَنِيدٍ ﴿٢٤﴾
25 Wong kang gawéné menging ing kabecikan, mlangkah wates, mamang,	مَّنَّاعٍ لِّلْخَيْرِ مُعْتَدٍ مُّرِيبٍ ﴿٢٥﴾
26 Kang anjèjèraké sesembahan liyané karo Allah, mulané dhèwèké cemplungna ing siksa kang abot.	الَّذِي جَعَلَ مَعَ اللَّهِ إِلَٰهًا آخَرَ فَأَلْقِيَاهُ فِي الْعَذَابِ الشَّدِيدِ ﴿٢٦﴾

bénjing ing sasampuning pejah. Punika tegesipun ”paningal dados trawaca” punika dadosipun piyambakipun lajeng saged ningali sabarang ingkang nalika wonten ing donya ngriki boten saged dipun tingali. Lah inggih punika naraka miturut piwulangipun Quran; terangipun wohipun pandamel awon ingkang sumingid, punika samangsa kadamel gumelar ngegla tumrap manusa, lajeng dados naraka.

2342. Tembung ingkang kula jarwani *cemplungna* punika tembung *alqiya*; rimbaganipun kanggé kakalih (tatsniyah), sarta tembung punika ugi dipun agem wonten ing ayat 26. Sawenèh mufassir gadhah paham bilih ingkang tampi dhawuh punika malaikat kakalih; nanging mufassir ingkang langkung jadhug nganggé paham sanès malih. Kf, Bd, Rz tuwin sanès-sanèsipun malih gadhah pamanggih, bilih kéngang-kénging kémawon dipun suraos namung tiyang satunggal ingkang katuju ing dhawuh punika, sanajan rimbaganipun tembung rimbagan ingkang kanggé tiyang kalih, awit ingkang makaten punika wenang miturut idiom utawi watak-wantuning basa Arab. Kf nyebutaken sababipun warni kalih. Sabab ingkang sapisan, ingkang katerangaken déning Mubarrad makaten *rimbagan kanggé tiyang kalih, punika kénging dipun pigunakaken hanggé gentosipun tembung kriya ingkang dipun sebut ambal kaping kalih, jalaran tembungipun nunggil; dados tembung ingkang karimbag mawi rimbagan ingkang kanggé tiyang kalih wau saged mengku teges alqi-alqi* (*jawinipun cemplungna, cemplungna*), *mengku suraos dipun kiyataken.* Sabab ingkang angka kalih, bangsa Arab punika gadhah pangadatan, samangsa kekésahan asring sanget mawi réncang kakalih; dadosipun nganggé tetembungan ingkang rimbagipun manut rimbagan ingkang kanggé tiyang kalih, punika wonten ing antawisipun tiyang Arab asring sanget: kadosta salah satunggal makaten manawi wicantenan: kancaku lan mitraku, tuwin padha lèrèna kowé wong loro, tuwin di padha seneng atimu kowé wong loro, ngantos nadyan wicanten kaliyan tiyang satunggal inggih nganggé tembung ingkang rimbagipun manut rimbagan ingkang kanggé tiyang kalih. Dipun riwayataken bilih Najaj asring dhawuh makaten: يا حرس اضربا عنقه jawinipun: *É, prajuritku panjaga gebugen githoké;* nganggé tembung *idlribâ* ingkang rimbagipun manut rimbag ingkang kanggé tiyang kakalih, boten tembung *idlrib.* Bd. Nyebutaken kidung ingkang makaten ungelipun: فان تزجراني يابن عفان انزجر ٭ وان تدعاني احم عرضا ممنعا lah ing kidung ngriki dipun anggé tembung تزجراني tuwin تدعاني ingkang rimbagipun rimbagan kanggé tiyang kalih, mangka ingkang dipun kajengaken kanggé tiyang satunggal. Bd. Ugi nerangaken bilih wenang *alif* (ing tembung *alqiyâ*, ingkang murugaken dados rimbag ingkang kanggé tiyang kalih) punika dados *nun ta'kîd* (kanggé *nyangetaken).* Miturut Bd katrangan punika kabuktèn déning waosipun Hasan inggih punika ingkang maos *alqiyan,* boten *alqiyâ.* Sampun boten kénging kabantah malih bilih béda-bédaning waosan punika saged suka katrangan tegesipun tembung ingkang asli. Awit saking punika kula gadhah faham manawi tembung *alqiyâ* ingkang rimbagipun manut rimbagan kanggé tiyang kalih punika prayogi dipun jarwani *cemplungna* ingkang mengku suraos dhawuh kenceng.

قَالَ قَرِيْنُهٗ رَبَّنَا مَآ اَطْغَيْتُهٗ وَلٰكِنْ كَانَ فِيْ ضَلٰلٍۭ بَعِيْدٍ ﴿٢٧﴾

27 Kanthiné bakal munjuk: Pangéran kawula! kawula boten anuntun piyambakipun ing pandaluya, ananging awakipun piyambak ingkang dumunung ing sasar ingkang *sanget*.

Ar. *tebih*

قَالَ لَا تَخْتَصِمُوْا لَدَيَّ وَقَدْ قَدَّمْتُ اِلَيْكُمْ بِالْوَعِيْدِ ﴿٢٨﴾

28 Panjenengané bakal ngandika: Aja padha grejegan ana ing ngarep-Ku, lan temen Aku biyèn wus awèh pangancam marang kowé:

مَا يُبَدَّلُ الْقَوْلُ لَدَيَّ وَمَآ اَنَا بِظَلَّامٍ لِّلْعَبِيْدِ ﴿٢٩﴾

29 *Sabda-Ku* ora bakal diowahi lan Aku iki ora anganiaya pisan-pisan marang para kawula.

Ar. *sabda ing ngarsa-Ku*

RUKU' 3

Kiyamat

30-35. Awon lan saé sami tampi wawales. 36, 37. Pèpènget. 38. Kawasananipun Gusti Allah. 39, 40. Sabar punika perlu. 41-45. Petak ingkang andadosaken lebur.

يَوْمَ نَقُوْلُ لِجَهَنَّمَ هَلِ امْتَلَاْتِ وَتَقُوْلُ هَلْ مِنْ مَّزِيْدٍ ﴿٣٠﴾

30 Ing dinané Ingsun ngandika marang jahanam: Apa sira wis kebak? Lan iki bakal munjuk: Punapa taksih wonten tunggilipun malih?

وَاُزْلِفَتِ الْجَنَّةُ لِلْمُتَّقِيْنَ غَيْرَ بَعِيْدٍ ﴿٣١﴾

31 Lan taman bakal dicedhakaké marang wong kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala), ora adoh:

هٰذَا مَا تُوْعَدُوْنَ لِكُلِّ اَوَّابٍ حَفِيْظٍ ﴿٣٢﴾

32 Iki barang kang dijanjèkaké marang sira; (iki) tumrap sarupaning wong kang tansah madhep (ing Allah), rumeksa (ing wawatesé Panjenenganè);

مَنْ خَشِيَ الرَّحْمٰنَ بِالْغَيْبِ وَجَآءَ بِقَلْبٍ مُّنِيْبٍ ﴿٣٣﴾

33 Sapa-sapa kang wedi marang Ingkang-Mahamurah ana ing ngasepi sarta tumeka kalawan ati madhep:

ادْخُلُوْهَا بِسَلٰمٍ ۗ ذٰلِكَ يَوْمُ الْخُلُوْدِ ﴿٣٤﴾

34 Padha malebua mrono kalawan rahayu, iku dinaning kalanggengan.

35 Ana ing kono padha olèh sabarang kang dikarepaké, sarta isih wuwuh ana ngarsa-Ningsun.[2343]

لَهُمْ مَّا يَشَآءُوْنَ فِيْهَا وَلَدَيْنَا مَزِيْدٌ ﴿٣٥﴾

36 Lan wis pira baé kaum ing sadurungé dhèwèké kang wus Ingsun lebur, kang luwih gagah prakosa tinimbang iku, nganti analasah ing nagara-nagara: apa ing kono ana pangungsèn?

وَكَمْ اَهْلَكْنَا قَبْلَهُمْ مِّنْ قَرْنٍ هُمْ اَشَدُّ مِنْهُمْ بَطْشًا فَنَقَّبُوْا فِى الْبِلَادِ ؕ هَلْ مِنْ مَّحِيْصٍ ﴿٣٦﴾

37 Sayekti ing kono iku temen ana péling tumrap sadhéngah sing duwé ati utawa masang pangrungu sarta *aneksèni*.

Ar. *dhèwèké iku saksi*

اِنَّ فِىْ ذٰلِكَ لَذِكْرٰى لِمَنْ كَانَ لَهٗ قَلْبٌ اَوْ اَلْقَى السَّمْعَ وَهُوَ شَهِيْدٌ ﴿٣٧﴾

38 Lan sayekti, temen Ingsun wus anitahaké langit-langit lan bumi sarta apa kang ana ing saantarané ing dalem nem mangsa, lan sayah ora angenani Ingsun.[2343A]

وَلَقَدْ خَلَقْنَا السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ وَمَا بَيْنَهُمَا فِىْ سِتَّةِ اَيَّامٍ ۖۗ وَّمَا مَسَّنَا مِنْ لُّغُوْبٍ ﴿٣٨﴾

39 Mulané di sabar marang apa calathuné sarta mahasucékna kalawan pujining Pangéranira sadurung mlethèké srengéngé tuwin sadurungé surup.

فَاصْبِرْ عَلٰى مَا يَقُوْلُوْنَ وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ قَبْلَ طُلُوْعِ الشَّمْسِ وَقَبْلَ الْغُرُوْبِ ۚ ﴿٣٩﴾

40 Lan mahasucèkna Panjenengané ing wengi sarta sawising *sembahyang*.

Ar. *sumungkem*

وَمِنَ الَّيْلِ فَسَبِّحْهُ وَاَدْبَارَ السُّجُوْدِ ﴿٤٠﴾

41 Lan sira angrungokna ing dinané juru-nguwuh anguwuh saka ing panggonan kang cedhak,

وَاسْتَمِعْ يَوْمَ يُنَادِ الْمُنَادِ مِنْ مَّكَانٍ قَرِيْبٍ ۙ ﴿٤١﴾

42 Ing dinané dhèwèké bakal padha ngrungu *petak* kalawan nyata; iku dinané metu.

Ut. *swara anyerit*

يَّوْمَ يَسْمَعُوْنَ الصَّيْحَةَ بِالْحَقِّ ؕ ذٰلِكَ يَوْمُ الْخُرُوْجِ ﴿٤٢﴾

2343. *Mazid*, utawi *isih weruh* ing ngriki ateges nyumerepi; Pangéran. inggih punika ingkang badhé dados nugraha ingkang luhur piyambak tumrap para ingkang wonten ing suwarga (Rz)

2343A. Bébel nerangaken ”Déné ing dina kapituné mau Allah kèndel anggone akarya samubarang kang wus dititahaké”, (Purwaning dumados 2: 2) ”Kèndel” punika tumrap tiyang ingkang sayah: milanipun Quran nulak sisipatan ingkang kados makaten punika tumrap Allah, awit Panjenenganipun punika boten betah dhateng ngaso. Awit saking punika Quran andhawuhaken: *sayah ora ngenani Ingsun.*

43 Sayekti Ingsun iki aparing urip lan aparing pati, sarta marang Ingsun pantoging paran iku;

إِنَّا نَحْنُ نُحْيِي وَنُمِيتُ وَإِلَيْنَا الْمَصِيرُ ﴿٤٣﴾

44 Ing dinané bumi belah tumrap dhèwèké, dhèwèké bakal agagan-cangan; iku kalumpukan, kang tumrapé Ingsun gampang.

يَوْمَ تَشَقَّقُ الْأَرْضُ عَنْهُمْ سِرَاعًا ۚ
ذَٰلِكَ حَشْرٌ عَلَيْنَا يَسِيرٌ ﴿٤٤﴾

45 Ingsun iki luwih ngudanèni marang apa kang padha diucapaké, lan sira iku ora wenang meksa marang dhèwèké, mulané sira apépélinga kalawan Quran marang sapa-sapa sing wedi marang anca-man-Ingsun.

نَحْنُ أَعْلَمُ بِمَا يَقُولُونَ ۖ وَمَا أَنْتَ
عَلَيْهِمْ بِجَبَّارٍ ۖ فَذَكِّرْ بِالْقُرْآنِ
مَنْ يَخَافُ وَعِيدِ ﴿٤٥﴾

(٥١) سُوْرَةُ الذّٰرِيٰتِ مَكِّيَّةٌ

رُكُوْعَاتُهَا ٣ — اٰيَاتُهَا ٦٠

SURAT 51

ADH-DHÂRIYÂT

(*Para juru-nyebarakaken*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ruku', 60 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Panggorohan kasirnakaken.
Ruku' 2. Pandumipun umat ingkang rumiyin-rumiyin.
Ruku' 3. Titiyang Makkah badhé kaparingan pancasan.

Nama lan babipun ingkang kawarsitakaken

Namanipun surat punika pipiridan saking ayat ingkang sapisan, ingkang nyebutaken *juru-nyebaraken ingkang anyiyaraken* yakti. Ingkang kawarsitakaken inggih punika para tiyang Makkah ingkang sami angemohi yakti punika mesthi badhé pinancasan; ruku' ingkang sapisan wigatos dhawuh anggatosaken dhateng saya majeng-majengipun yakti, ingkang inggih sampun samesthinipun saya dangu saya angsal papan; sageblenging ruku' ingkang dipun wigatosaken sanget pancasan punika yakin mesthi wontenipun. Ruku' ingkang kaping kalih, kawiwitan kalayan angundhangaken badhé wiyosing putranipun Kakung Kanjeng Nabi Ibrahim (ingkang nurunaken nabi ingkang sakalangkung agung piyambak), lajeng marsitakaken nasib ingkang kasandhang déning sawatawis ummat ingkang sampun-sampun, ingkang pinancasan margi saking awoning pandamelipun. Ruku' ingkang kaping tiga. Sasampunipun paring pitutur supados nyuwun pangayoman dhateng Allah – awit saking maksud tumitahipun manusa punika laladi ing Allah – lajeng maringi pèpènget malih dhateng para titiyang Makkah, bilih kabegjanipun punika sampun wancinipun badhé sirna, sarta lajeng badhé sami dipun pancasi kados déné ummat-ummat ing sadèrèngipun.

Gathuking suraosipun tuwin titimangsaning tumurunipun

Surat ingkang sampun mangandikakaken bab kiyamat – inggih kiyamatipun tiyang pejah wonten ing alamipun gesang sasampunipun pejah, inggih kiyamatipun tiyang ingkang pejah menggah ing ruhaniyahipun – déné surat punika nerangaken bilih para ingkang sami maiben ing kasunyatan punika, mesthi badhé pinancasan manut pandemelipun ingkang awon. Surat punika sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih wahyu Makkiyah wiwitan, sarta sampun boten wonten pakèwedipun malih kagolongaken dhateng jaman Makkah wiwitan.

RUKU' 1

Panggorohan kasirnakaken

1-6. Pasaksèn cumetha marang dhatengipun pancasan. 7-9. Pasaksèn saking dumadi. 10-14. Pidananipun para ingkang goroh. 15-19. Ganjaranipun para ingkang utami. 20-23. Tandha-tandha nyatanipun pancasan.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

a. 2099 1 Pramanakna[a] kang padha anyebaraké kalawan sumebar warata.

وَالذّٰرِيٰتِ ذَرْوًا ۙ﴿١﴾

2 Banjur kang padha angandhut momotan,

فَالْحٰمِلٰتِ وِقْرًا ۙ﴿٢﴾

3 Tumuli kang padha lumancar kalawan gampang,

فَالْجٰرِيٰتِ يُسْرًا ۙ﴿٣﴾

4 Sarta kang padha ambagé-bagé sabarang prakara;

فَالْمُقَسِّمٰتِ اَمْرًا ۙ﴿٤﴾

5 Apa kang diancamaké sira iku sayekti temen,

اِنَّمَا تُوْعَدُوْنَ لَصَادِقٌ ۙ﴿٥﴾

6 Lan sayekti pancasan iku masthi bakal kalakon.[2344]

وَّاِنَّ الدِّيْنَ لَوَاقِعٌ ؕ﴿٦﴾

2344. Ayat sakawan ingkang wiwitan ing dalem surat punika, mengku suraos dhawuh anggatosaken dhateng wutah gumelaring kawontenan, ngagem sarana ingkang limrahipun kasuraos sumpah; katranganipun sumpah makaten punika sampun katerangaken ing 2099: déné ayat kakalih sambetipun anerangaken wosing prakawis ingkang katuju ing kawontenan wau. Limrahipun "kang padha nyiyaraké" punika dipun suraos ateges angin ingkang ngabul-abul bledug ing sadèrèngipun mendhung. "Kang padha angandhut momotan," punika mendhung ingkang ambekta jawah:, kang lumantar kalawan gampang" punika angin ingkang meradinaken mendhung, déné "kang ambagé" punika angin ingkang nyebar toya jawah. Ing dalem gagambaran punika wigatos mengku karsa dhawuh anggatosaken dhateng wontenipun tatanan ingkang saèmper kados makaten wau ugi, ingkang tumindhak wonten ing ngalaming ruhani ingkang akalayan tatanan wau yakti majeng kalayan sarenti. Nanging inggih kénging dhawuh punika dipun suraos mengku karsa dhawuh anggatosaken dhateng wutah gumelaring kawontenan ingkang langkung cumetha malih, inggih punika dhateng sumebaring yakti ingkang sumebar lantaran Kanjeng Nabi Suci tuwin para pandhèrèkipun ingkang setya-tuhu, ingkang mahanani sawenèh lajeng nyangkut momotan yakti, ngantos saèmper ngandhut yakti wonten ing guwagarbanipun; déné tiyang sanès-sanèsipun sami pating brubut lumajeng sumrinthil sumedya nampèni yakti. Titiyang sanèsipun wonten ingkang katembungaken "kang ambagé-bagé prakara" inggih punika ingkang wonten ing panggènan sanès kasebut *muqtasimin* jawinipun *kang ambagé-bagé*, jalaran para titiyang wau sami ambagé-bagé Quran dados pinten-pinten bagéan, sabagéan dipun akeni,

a. 2099 7 Pramanakna[a] langit kang sapirang-pirang dadalané iku;[2345]

وَالسَّمَآءِ ذَاتِ الْحُبُكِ ۙ﴿٧﴾

8 Sayekti, sira iku padha sulaya ing pangucap,

اِنَّكُمْ لَفِيْ قَوْلٍ مُّخْتَلِفٍ ۙ﴿٨﴾

9 Sapa sing méngo bakal di-
Ar. *iku* èngokaké saka ing *kono*.[2346]

يُّؤْفَكُ عَنْهُ مَنْ اُفِكَ ؕ﴿٩﴾

10 Katiban wewelak para wong goroh,

قُتِلَ الْخَرّٰصُوْنَ ۙ﴿١٠﴾

11 Kang padha dumunung ing jujurang (kabodhoan), léna;

الَّذِيْنَ هُمْ فِيْ غَمْرَةٍ سَاهُوْنَ ۙ﴿١١﴾

12 Padha apitakon: Kapan ta dina pancasan iku?

يَسْـَٔلُوْنَ اَيَّانَ يَوْمُ الدِّيْنِ ؕ﴿١٢﴾

13 (Yaiku) dinané dhèwèké bakal padha dilèlèr ana ing geni.[2347]

يَوْمَ هُمْ عَلَى النَّارِ يُفْتَنُوْنَ ﴿١٣﴾

14 Padha rasakna panganiayanira; iki kang padha sira gégé.[2348]

ذُوْقُوْا فِتْنَتَكُمْ ؕ هٰذَا الَّذِيْ كُنْتُمْ بِهٖ تَسْتَعْجِلُوْنَ ﴿١٤﴾

15 Sayekti, para kang anjaga (dhiriné saka ing ala), padha ana ing patamanan lan susumberan,

اِنَّ الْمُتَّقِيْنَ فِيْ جَنّٰتٍ وَّعُيُوْنٍ ۙ﴿١٥﴾

---

sabagéan malih dipun emohi (15: 90). Tiyang tigang golongan punika ingkang angka satunggal lan angka kalih ing saben dintenipun tansah mindhak-mindhak cacahipun, déné golongan ingkang angka tiga, saking sakedhik lan kalayan sarenti saya suda cacahipun. Punika dados tandhayekti bilih kamenanganipun Islam boten antawis dangu malih mesthi badhé jumeneng. Utawi malih, saged dipun suraos ingkang dipun karsakaken punika peperangan-peperangan, ingkang wekasanipun kakarsakaken kanggé nyampurnakaken ambrukipun titiyang Makkah.

2345. Tiyang Arab limrah nalika jaman 1300 taun kapengker, mesthi boten sagedipun suka pratélan bilih langit punika *kathah margi-marginipun.* Suprandéné pratélan wau cocog sanget kaliyan pamanggih-pamanggihipun kawruh ingkang anyar piyambak, inggih punika bilih saben lintang punika dados punjer ingkang dipun ubengi planit-planit, boten prabéda lan surya kita punika ugi dados punjer ingkang dipun ubengi bumi tuwin planit sanès-sanèsipun. Dadalan ing langit, punika garis kalanganing planit ingkang pinten-pinten kathahipun wau.

2346. Kapèngetana pratélan ingkang terang gamblang punika: inggih punika ngemungaken tiyang ingkang méngo saking yakti kémawon, tiyang ingkang maléngos punika.

2347. Latu ing donya punika ateges peperangan-peperangan ingkang mahanani karisakan dhateng para titiyang wau.

2348. *Fitnatakum* utawi *panganiayanira* punika tegesipun *panganiayanipun para titiyang wau dhateng titiyang Muslimin*; tindak aniaya wau dipun ancam mawi siksa ingkang mesthi badhé dipun raosaken.

16 Anampani apa paparinging Pangérané marang dhèwèké; sayekti dhèwèké iku sadurungé iki wong kang padha alaku becik.

آخِذِينَ مَآ ءَاتَىٰهُمْ رَبُّهُمْ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ قَبْلَ ذَٰلِكَ مُحْسِنِينَ ﴿١٦﴾

17 Adaté saben wenginé sathithik turuné.

كَانُوا۟ قَلِيلًا مِّنَ ٱلَّيْلِ مَا يَهْجَعُونَ ﴿١٧﴾

18 Sarta ing wayah umun-umun padha nyuwun pangapura.

وَبِٱلْأَسْحَارِ هُمْ يَسْتَغْفِرُونَ ﴿١٨﴾

19 Lan bandhané ana kang didadèkaké darbèké para anjajaluk sarta kang ora duduwèn.[2349]

وَفِىٓ أَمْوَٰلِهِمْ حَقٌّ لِّلسَّآئِلِ وَٱلْمَحْرُومِ ﴿١٩﴾

20 Lan ing bumi ana tandha-tandha tumrap para kang padha yakin,

وَفِى ٱلْأَرْضِ ءَايَٰتٌ لِّلْمُوقِنِينَ ﴿٢٠﴾

21 Mangkono uga ing jiwanira; lah apa ta sira padha ora andeleng?[2350]

وَفِىٓ أَنفُسِكُمْ ۚ أَفَلَا تُبْصِرُونَ ﴿٢١﴾

22 Lan ana ing langit rijekinira lan apa kang diancamaké marang sira.[2351]

وَفِى ٱلسَّمَآءِ رِزْقُكُمْ وَمَا تُوعَدُونَ ﴿٢٢﴾

23 Lah dhemi Pangéraning langit lan bumi! sayekti iku kasunyatan, kaya kang sira ucapaké.[2352]

فَوَرَبِّ ٱلسَّمَآءِ وَٱلْأَرْضِ إِنَّهُۥ لَحَقٌّ مِّثْلَ مَآ أَنَّكُمْ تَنطِقُونَ ﴿٢٣﴾

RUKU' 2

Pandumipun umat ingkang rumiyin-rumiyin

24-37. Badhé lahiripun putra kakung kadhawuhaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim, sarta umatipun Luth kasirnakaken. 38-40. Fir'aun. 41, 42. 'Ad. 43-45. Tsamud. 46. Umatipun Nabi Nuh.

2349. Tembung *mahrum* punika sawenèh mufassir kasuraos ateges *tiyang miskin ingkang boten purun papriman* (Kf). Mufassir sanèsipun malih nyuraos, *ingkang boten saged wicanten*, kadosta segawon tuwin kucing (Har-LL).

2350. Inggih punika, tandha-tandhayekti bilih yakti punika angsal kamenangan.

2351. Terangipun: Allah kagungan rijeki lan iya kagungan siksa kang disudhiyakaké tumrap sira, sarta Panjenengané mesthi bakal maringi ing sira satimbang karo panggawénira.

2352. Kapèngetana kayakinan ingkang sanget tuwin kumandel ingkang teteg dhateng menangipun yakti ingkang wekasan punika, nadyan ing jaman wiwitan.

هَلْ اَتٰىكَ حَدِيْثُ ضَيْفِ اِبْرٰهِيْمَ الْمُكْرَمِيْنَ ﴿٢٤﴾

24 Apa wis tumeka marang sira pawarta dhayohé Ibrahim kang minulya?

اِذْ دَخَلُوْا عَلَيْهِ فَقَالُوْا سَلٰمًا ؕ قَالَ سَلٰمٌ ۚ قَوْمٌ مُّنْكَرُوْنَ ﴿٢٥﴾

Ar. *dhèwèké* 25 Nalika lumebu marang *panggonané*, padha calathu: Rahayu. Wangsulané: Rahayu, titiyang manca.

فَرَاغَ اِلٰٓى اَهْلِهٖ فَجَآءَ بِعِجْلٍ سَمِيْنٍ ﴿٢٦﴾

26 Banjur nyalimped sumingkir marani batihé, tumuli teka (manéh) karo anggawa (panggang) pedhèt
a. 1187 anggajih,[a]

فَقَرَّبَهٗٓ اِلَيْهِمْ قَالَ اَلَا تَاْكُلُوْنَ ﴿٢٧﴾

27 Iku banjur dicedhakaké ma-
Ar. *dhèwèké kabèh* rang *dhayoh-dhayohé*. Calathuné: Punapa Panjenengan sami boten
a. 1188 karsa dahar?[a]

فَاَوْجَسَ مِنْهُمْ خِيْفَةً ؕ قَالُوْا لَا تَخَفْ ؕ وَبَشَّرُوْهُ بِغُلٰمٍ عَلِيْمٍ ﴿٢٨﴾

28 Dhèwèké banjur rumasa wedi
Ar. *dhèwèké kabèh* amarga saka *dhayoh-dhayohé iku*. Padha calathu: Sampun sampéyan ajrih. Sarta amenèhi kabar bubungah anak lanang pinter marang dhèwèké.

فَاَقْبَلَتِ امْرَاَتُهٗ فِيْ صَرَّةٍ فَصَكَّتْ وَجْهَهَا وَقَالَتْ عَجُوْزٌ عَقِيْمٌ ﴿٢٩﴾

29 Tumuli rabiné maju kalawan angluh banget sarta napuki rainé dhéwé karo calathu: Nini-nini gabug!

قَالُوْا كَذٰلِكِ ۙ قَالَ رَبُّكِ ؕ اِنَّهٗ هُوَ الْحَكِيْمُ الْعَلِيْمُ ﴿٣٠﴾

Ar. *dhèwèké* 30 *Dhayoh-dhayohé* padha calathu: Inggih kados makaten punika pangandikanipun Pangéran sampéyan: Saèstu Panjenenganipun punika Ingkang-wicaksana Ingkang-Angudanèni.

JUZ XXVII

قَالَ فَمَا خَطْبُكُمْ اَيُّهَا الْمُرْسَلُوْنَ ﴿٣١﴾

31 Dhèwèké calathu: Lah punapa perlu panjenengan, dhuh para utusan!

قَالُوْٓا اِنَّآ اُرْسِلْنَآ اِلٰى قَوْمٍ مُّجْرِمِيْنَ ﴿٣٢﴾

32 Wangsulané: Saèstu kula punika sami kautus dhateng kaum ingkang dosa,

33 Supados kula anjawahi piyambakipun mawi séla *lungka*.

Ar. *siti*

لِنُرْسِلَ عَلَيْهِمْ حِجَارَةً مِّنْ طِيْنٍ ﴿٣٣﴾

34 Pinangkanipun saking ngarsaning Pangéran sampéyan, tumrap para ingkang sami mlangkah wates.[a]

a. 918

مُّسَوَّمَةً عِنْدَ رَبِّكَ لِلْمُسْرِفِيْنَ ﴿٣٤﴾

35 Tumuli Ingsun angwetokaké para angèstu kang padha ana ing kono.

فَاَخْرَجْنَا مَنْ كَانَ فِيْهَا مِنَ الْمُؤْمِنِيْنَ ﴿٣٥﴾

36 Ananging ana ing kono Ingsun ora mrangguli omahé para *Muslimin* kajaba mung omah siji.

Ut. *kang padha sumarah*

فَمَا وَجَدْنَا فِيْهَا غَيْرَ بَيْتٍ مِّنَ الْمُسْلِمِيْنَ ﴿٣٦﴾

37 Sarta ana ing kono Ingsun aninggal tandha tumrap para kang padha wedi marang siksa kang nglarani.

وَتَرَكْنَا فِيْهَآ اٰيَةً لِّلَّذِيْنَ يَخَافُوْنَ الْعَذَابَ الْاَلِيْمَ ﴿٣٧﴾

38 Lan (ana tandha) ana ing Musa, nalika dhèwèké Ingsun utus marang Fir'aun kalawan bukti winenang kang cumetha.

وَفِيْ مُوْسٰىٓ اِذْ اَرْسَلْنٰهُ اِلٰى فِرْعَوْنَ بِسُلْطٰنٍ مُّبِيْنٍ ﴿٣٨﴾

39 Ananging dhèwèké maléngos akanthi wadyabalané sarta acalathu: Juru-kemayan utawa wong owah.

فَتَوَلّٰى بِرُكْنِهٖ وَقَالَ سٰحِرٌ اَوْ مَجْنُوْنٌ ﴿٣٩﴾

40 Mulané dhèwèké Ingsun pidana sawadya balané tuwin padha Ingsun kelemaké ing sagara, sarta dhèwèké iku wong cinacad.

فَاَخَذْنٰهُ وَجُنُوْدَهٗ فَنَبَذْنٰهُمْ فِى الْيَمِّ وَهُوَ مُلِيْمٌ ﴿٤٠﴾

41 Lan (iya ana tandha) ana ing bangsa 'Ad, nalika Ingsun utusan angin pangrusak[a] anempuh dhèwèké.

a. 910

وَفِيْ عَادٍ اِذْ اَرْسَلْنَا عَلَيْهِمُ الرِّيْحَ الْعَقِيْمَ ﴿٤١﴾

42 Ora ana barang kang kèri endi kang katempuh, balik padha *dadi* awu.

Ar. *dadi kaya*

مَا تَذَرُ مِنْ شَيْءٍ اَتَتْ عَلَيْهِ اِلَّا جَعَلَتْهُ كَالرَّمِيْمِ ﴿٤٢﴾

43 Lan (mangkono uga) ana ing bangsa Tsamud, nalika padha dipangandikani: Padha seneng-senenga sawatara mangsa.

وَفِيْ ثَمُوْدَ اِذْ قِيْلَ لَهُمْ تَمَتَّعُوْا حَتّٰى حِيْنٍ ﴿٤٣﴾

44 Ananging dhèwèké padha
andaga paréntahing Pangérané,
mulané oreg-gumaludhug tumem-
b. 915 puh marang dhèwèké,[b] kang sarta
padha andeleng.

فَعَتَوْا عَنْ اَمْرِ رَبِّهِمْ فَاَخَذَتْهُمُ الصّٰعِقَةُ وَهُمْ يَنْظُرُوْنَ ﴿٤٤﴾

45 Temah padha ora bisa ngadeg sarta padha ora bisa ambélani dhiri.

فَمَا اسْتَطَاعُوْا مِنْ قِيَامٍ وَّمَا كَانُوْا مُنْتَصِرِيْنَ ﴿٤٥﴾

46 Apa déné kaumé Nuh dhèk biyèn: sayekti, iku kaum kang murang yekti.

وَقَوْمَ نُوْحٍ مِّنْ قَبْلُ ۭ اِنَّهُمْ كَانُوْا قَوْمًا فٰسِقِيْنَ ﴿٤٦﴾

RUKU' 3

Titiyang Makkah badhé kaparingan pancasan

47-51. Ngupados pangungsèn dhateng Pangéran. 52-55. Pèpènget kaparingaken. 56-58. Manusa katitahaken punika supados alalados ing Allah. 59, 60. Siksanipun badhé dhumawah.

47 Lan langit, iku Ingsun degaké adhuwur kalawan pangawasa, lan sayekti, Ingsun iki Kang anitahaké barang kang jembar-jembar.

وَالسَّمَاۗءَ بَنَيْنٰهَا بِاَيْىدٍ وَّاِنَّا لَمُوْسِعُوْنَ ﴿٤٧﴾

48 Sarta bumi, iku Ingsun gelar ajembar; saiba ta édabé anggon-Ingsun anggelar.

وَالْاَرْضَ فَرَشْنٰهَا فَنِعْمَ الْمٰهِدُوْنَ ﴿٤٨﴾

49 Lan samubarang iku padha Ingsun titahaké ajodhon-jodhon, darapon sira padha angalap éling.

وَمِنْ كُلِّ شَيْءٍ خَلَقْنَا زَوْجَيْنِ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ ﴿٤٩﴾

50 Mulané padha ngungsia marang Allah; sayekti aku iki juru-pépéling kang terang, saka Panjenengané, tumrap marang sira.

فَفِرُّوْٓا اِلَى اللّٰهِ ۭ اِنِّيْ لَكُمْ مِّنْهُ نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ﴿٥٠﴾

51 Lan aja padha andadèkaké sesembahan liya anjèjèri Allah: sayekti aku iki juru-pépéling kang terang, saka Panjenengané, tumrap marang sira.

وَلَا تَجْعَلُوْا مَعَ اللّٰهِ اِلٰـهًا اٰخَرَ ۭ اِنِّيْ لَكُمْ مِّنْهُ نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ﴿٥١﴾

52 Kaya mangkono iku, ora kena ora, para wong ing sadurungé dhèwèké, saben katekan utusan, masthi padha calathu: juru-kemayan, utawa: wong owah.

كَذَٰلِكَ مَآ أَتَى ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِهِم
مِّن رَّسُولٍ إِلَّا قَالُوا۟ سَاحِرٌ
أَوْ مَجْنُونٌ ﴿٥٢﴾

53 Apa ta dhèwèké iku wis padha weling-wineling tumrap prakara iku? O, dhèwèké iku kaum kang ambalasar.

أَتَوَاصَوْا۟ بِهِۦ ۚ بَلْ هُمْ قَوْمٌ طَاغُونَ ﴿٥٣﴾

54 Mulané padha ungkurna, amarga sira iku ora cinacad;[2353]

فَتَوَلَّ عَنْهُمْ فَمَآ أَنتَ بِمَلُومٍ ﴿٥٤﴾

55 Lan terus apépélinga, amarga sayekti, pépéling iku migunani para kang angèstu.

وَذَكِّرْ فَإِنَّ ٱلذِّكْرَىٰ تَنفَعُ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿٥٥﴾

56 Lan anggon-Ingsun anitahaké jin lan manusa iku ora liya kajaba supaya padha angabdi marang Ingsun.

وَمَا خَلَقْتُ ٱلْجِنَّ وَٱلْإِنسَ إِلَّا
لِيَعْبُدُونِ ﴿٥٦﴾

Ar. *saka*

57 Ingsun ora mundhut rijeki *marang* dhèwèké sarta ora mundhut dicaosi dhahar.

مَآ أُرِيدُ مِنْهُم مِّن رِّزْقٍ وَمَآ
أُرِيدُ أَن يُطْعِمُونِ ﴿٥٧﴾

58 Sayekti Allah iku Ingkang aparing rijeki, Ingkang-kagungan kawasa, Ingkang-prakosa.

إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلرَّزَّاقُ ذُو ٱلْقُوَّةِ ٱلْمَتِينُ ﴿٥٨﴾

59 Sayekti para kang atindak dudu iku bakal padha olèh bagéan padhané bagéané mitrané, mulané aja padha anggégé.

فَإِنَّ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا۟ ذَنُوبًا مِّثْلَ ذَنُوبِ
أَصْحَٰبِهِمْ فَلَا يَسْتَعْجِلُونِ ﴿٥٩﴾

60 Mulané cilaka tumrap para kang padha kafir, amarga saka dinané, kang diancamaké marang awaké!

فَوَيْلٌ لِّلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن يَوْمِهِمُ
ٱلَّذِى يُوعَدُونَ ﴿٦٠﴾

2353. *Mungkur* saking para kafir ing ngriki boten teka ateges misah utawi nebih saking para kafir, awit surat punika tumurunipun kagolong nalika jaman wiwitan. Dhawuh candhakipun nyethakaken prakawis punika; ing ngriku Kanjeng Nabi kadhawuhan nglastantunaken paring pèpènget, jalaran tiyang ingkang purun angèstu boten kirang, sarta para titiyang punika sami badhé angsal piguna saking pèpènget wau. Déné tegesipun *mungkur*, punika kados déné ingkang sampun kawarsitakaken wonten ing ayat kakalih ingkang sampun boten anggapé dhateng pangawon-awonipun.

(٥٢) سُورَةُ الطُّورِ مَكِّيَّةٌ — آياتها ٤٩ — ركوعاتها ٢

SURAT 52

ATH-THÛR

(*Redi*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 49 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kabegjanipun para mukmin.
Ruku' 2. Para milawani dhumawah ing risak.

Katerangan gerban

Surat punika wonten ing ayat ingkang wiwitan piyambak nyebutaken *Redi*, panggènan nalika Kanjeng Nabi Musa katimbalan Pangéran. Ingkang makaten punika wigatos anedahaken saminipun Kanjeng Nabi kaliyan Kanjeng Nabi Musa, awit nalika Kanjeng Nabi tampi timbalan, punika inggih wonten ing guwaning redi. Surat punika namung isi kalih ruku'. Ingkang sapisan mangandikakaken ganjaranipun para angèstu; ingkang kaping kalih mangandikakaken siksanipun para ingkang sami milawani yakti dipun wulangaken tuwin damel upaya badhé anyirnakaken yakti. Pancasanipun para duraka ingkang kawarsitakaken wonten ing surat ingkang sampun, punika lajeng ambetahaken pratélan ingkang ngyakinaken bilih para angèstu mesthi badhé angsal kabegjan, sarta inggih punika maksudipun ingkang sajatos surat punika; wondéné leburipun para mengsah, punika perlu, kanggé anggayuh sedya wau. Surat punika kagolong nunggil jaman kaliyan surat kakalih ingkang sampun, inggih punika jaman Makkah wiwitan.

RUKU' 1

Kabegjanipun para angèstu

1-6. Titimbangan kaliyan Kanjeng Nabi Musa. 7-16. Sinten ingkang milawani badhé pinidana. 17-28. Ganjaranipun para Angèstu.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih. — بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

a. 2099 — 1 Maspadakna[a] gunung iku, — وَالطُّورِ ۝١

2 Sarta Kitab, katulis. — وَكِتَابٍ مَسْطُورٍ ۝٢

3 Ing lembaran kang ginelar, — فِي رَقٍّ مَنْشُورٍ ۝٣

4 Apa déné Omah kang tinuwi-tuwi, — وَالْبَيْتِ الْمَعْمُورِ ۝٤

5 Tuwin payon kang didhuwur-aké, وَالسَّقْفِ الْمَرْفُوعِ ۝٥

Ar. *asat* — 6 Lan sagara kang *rob*; وَالْبَحْرِ الْمَسْجُورِ ۝٦

7 Sayekti, siksané Pangéranira temen bakal kalakon;[2354] إِنَّ عَذَابَ رَبِّكَ لَوَاقِعٌ ۝٧

8 Iku ora ana wong kang bisa nulak; مَا لَهُ مِنْ دَافِعٍ ۝٨

9 Ing dina nalikané langit mobah mrana mobah mréné, يَوْمَ تَمُورُ السَّمَاءُ مَوْرًا ۝٩

10 Sarta gunung-gunung padha lumaku sumingkir. وَتَسِيرُ الْجِبَالُ سَيْرًا ۝١٠

11 Lah cilaka, ing dina iku, tumrap wong kang padha angemohi (kasunyatan),[2355] فَوَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِلْمُكَذِّبِينَ ۝١١

2354. Ayat nenem ingkang wiwitan punika mengku suraos dhawuh anggatosaken dhateng kawontenan-kawontenan ingkang sami tumrap wahyu ingkang kaampil Kanjeng Nabi Musa tuwin wahyu ingkang kaampil Kanjeng Nabi Muhammad (mugi-mugi rahayu tuwin nugrahanipun Allah tetep wonten panjenenganipun kakalih). Redi punika tumrap Kanjeng Nabi Musa redi Sina, tumrap Kanjeng Nabi Muhammad redi Hira'; Kitab, punika Kitab Tauret tuwin Kitab Quran; padaleman ingkang tinuwi-tuwi tuwin payon ingkang dipun inggilaken, punika tabernakel (tarub pasamuwan) ingkang dipun adegaken déning Kanjeng Nabi Musa kanggé papan sucinipun titiyang Israil, kanggé manembah dhateng Pangéran tuwin kanggé caos kurban, sarta Padaleman Suci ing Makkah, ingkang badhé dados punjeripun titiyang Muslimin sadaya bangsa, sadaya nagari, sadaya jaman, tuwin kanggé papanipun nindakaken kurban. Seganten rob, punika marna saganten ingkang anjalari leburipun raja Fir'aun tuwin wadyabalanipun; déné para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, wonten ing ayat candhakipun, kaparingan dhawuh bilih siksaning Pangéran mesthi badhé andhawahi piyambakipun wonten ing dharatan, kados déné nalika andhawahi para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Musa wonten ing saganten ingkang rob. Nanging kapèngetana ugi tembung *bahr* punika tegesipun *saganten* utawi *dharatan*, sarta tembung punika kasebut wonten ing hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci: كتب لهم بحرهم ingkang déning I'AS katerangaken manawi ateges *kithanipun* utawi *nagarinipun.* Sagemblenging dhawuh mengku suraos dhawuh anggatosaken dhateng saminipun plek wahyu ingkang kaampil Kanjeng Nabi Musa tuwin ingkang kaampil Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. punapa déné paring pèpènget dhateng para kafir, bilih panguwaosipun badhé dipun sirnakaken, kados déné sirnaning panguwaosipun raja Fir'aun. Lah punika saminipun Kanjeng Nabi kaliyan Kanjeng Nabi Musa kasebutaken wonten ing dhawuh ingkang tumurunipun nalika jaman wiwitan sanget.

2355. Éwah-éwahan ingkang kalangkung anggawokaken, ingkang badhé tuwuh margi saking ambrukipun satunggaling bangsa ingkang kinawasa, tuwin sumengkanipun ing ngaluhur satunggaling tiyang ingkang kasengguh tiyang éwah, dhawuh punika kawarna kadi déné langit ebah mangiwa lan manengen tuwin redi-redi (titiyang ageng ingkang milawani ing Kanjeng Nabi Suci) sami lumampah (mirsanana 1604, ing ngrika katerangaken punapa tegesipun redi-redi sami lumampah punika). Angsal-angsalanipun, para ingkang sami milawani Kanjeng Nabi Suci mesthi sami badhé nandhang cilaka. Kapèngetana siksa ingkang kajanjèkaken dhateng para kafir ing gesang sapunika tuwin ingkang badhé dipun sandhang wonten ing akhirat, punika kapangandikakaken dados satunggal.

الَّذِينَ هُمْ فِي خَوْضٍ يَلْعَبُونَ ﴿١٢﴾

12 yaiku kang padha aseneng-seneng gunem lalahanan.

يَوْمَ يُدَعُّونَ إِلَىٰ نَارِ جَهَنَّمَ دَعًّا ﴿١٣﴾

13 Ing dinané dhèwèké giniring marang geni naraka kalawan ruda paripeksa.

هَٰذِهِ النَّارُ الَّتِي كُنتُم بِهَا تُكَذِّبُونَ ﴿١٤﴾

14 Iki geniné kang padha kopaido kaé.

أَفَسِحْرٌ هَٰذَا أَمْ أَنتُمْ لَا تُبْصِرُونَ ﴿١٥﴾

15 Lah apa iki kemayan, apa kowé sing ora padha weruh?

اصْلَوْهَا فَاصْبِرُوا أَوْ لَا تَصْبِرُوا سَوَاءٌ عَلَيْكُمْ ۖ إِنَّمَا تُجْزَوْنَ مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿١٦﴾

16 Nyemplunga mrono, banjur rasakna kalawan sabar utawa ora kalawan sabar, padha baé ingatasé sira; sira mung bakal padha winales apa kang wus padha sira lakoni.

إِنَّ الْمُتَّقِينَ فِي جَنَّاتٍ وَنَعِيمٍ ﴿١٧﴾

17 Sayekti, para kang anjaga (dhiriné saka ing ala), bakal ana sajroning patamanan lan kanugrahan,

فَاكِهِينَ بِمَا آتَاهُمْ رَبُّهُمْ وَوَقَاهُمْ رَبُّهُمْ عَذَابَ الْجَحِيمِ ﴿١٨﴾

18 Padha seneng amarga saka barang paparinging Pangérané marang dhèwèké, sarta Pangérané anyalametaké awaké saka siksa geni murub.

كُلُوا وَاشْرَبُوا هَنِيئًا بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿١٩﴾

19 Padha mangana lan ngombéa kalawan énak amarga saka barang kang wus padha sira lakoni.

مُتَّكِئِينَ عَلَىٰ سُرُرٍ مَّصْفُوفَةٍ ۖ وَزَوَّجْنَاهُم بِحُورٍ عِينٍ ﴿٢٠﴾

20 Padha aléléyangan ana ing kathil kang ajèjèr-jèjèr, sarta padha Ingsun jodhokaké karo kang *suci lan éndah*.[2356]

Ut. *bening mripaté*
Ut. *blalak-blalak mripaté*

2356. Tembung *hur* punika wonten ing Quran Suci kasebutaken ambal kaping sakawan, inggih punika ing ngriki, ing 44: 54, ing 55: 72 tuwin ing 56: 72. Tembung *hur* punika *jama'*-ipun tembung *ahwar* (tumrap tiyang jaler) tuwin tembung *haurâ* (tumrap tiyang èstri), tegesipun *tiyang ingkang mripatipun kasifatan* sisifatan ingkang katembungaken *hawar*, jawinipun *pethak memplak tumrap mamaniking mripat ing péranganipun ingkang pethak, tuwin cemeng anggales tumrap péranganipun ingkang cemeng*. Tembung punika asalipun nunggil kaliyan tembung *hawârî*, ingkang tegesipun *barang*

21 Wondéné para kang padha iman sarta turun-turuné miturut dhèwèké ing iman, iku turun-turuné bakal Ingsun kumpulaké

وَالَّذِينَ آمَنُوا وَاتَّبَعَتْهُمْ ذُرِّيَّتُهُم
بِإِيمَانٍ أَلْحَقْنَا بِهِمْ ذُرِّيَّتَهُمْ وَمَا

ingkang suci utawi *mulus*, milanipun lajeng mengku teges *mitra tulus* utawi *mitra jati*. Tembung *ahwar* (mufradipun *hur*) ugi ateges *akal budi ingkang suci* utawi *wening* (LL). Déné tembung satunggalipun, *'în* punika *jama'*-ipun tembung *a'yan* (jawinipun *tiyang ingkang blalak-blalak mripatipun*) tuwin *jama'*-ipun *'ainâ* (jawinipun *tiyang èstri ingkang éndah ing warni tuwin blalak-blalak mripatipun*). Malah tembung *'aina'* punika ugi ateges *tembung* utawi *wicara ingkang éndah* utawi *ingkang saé* (LL). Prayogi dipun pèngeti pisan, bilih "pethak" punika ugi dados pasemonipun kasucian ingkang sampurna lan mulus, awit saking punika tembung kakalih wau, *hur* lan *'în* punika menggah ing sajatos-jatosipun mengku suraos *suci* tuwin *éndah*. Inggih awit saking punika déné jarwan kula boten mungel *kang bening mripaté* lan *kang blalak-blalak rnripaté*, jalaran teges makaten punika nama kewlakanen, nanging *kang suci* lan *éndah*, jalaran punika langkung saged anggambaraken tegesipun ingkang sajati; déné teges sanèsipun kula serat wonten ing margin.

Lah punapa ta *kang suci*, *éndah* utawi *kang bening mripaté*, *blalak-blalak mripaté* punika? Ing 2110 kula sampun naté nerangaken bilih Quran Suci boten naté mangandikakaken bilih ing gesang ing bénjing wonten salulutipun jaler lan èstri sacara wadhag. Langkung-langkung sampun marambah-rambah katerangaken, samangsa Quran mangandikakaken bab nugraha ing suwarga utawi siksa ing naraka, sadaya punika boten sanès kajawi madhagipun nugraha ruhani ingkang dipun raosaken tiyang ingkang sami nindakaken kasaénan ing salebetipun gesang ing sapunika punika ugi. Kapangandikakaken bilih ing suwarga punika wonten taman-tamanipun, tataneman, lepen-lepen, puhan, madu, woh-wohan, tuwin nugraha sanès-sanèsipun malih tanpa wilangan; nanging boten namung kaping sapisan kaping kalih katerangaken wonten ing tafsir punika, bilih sadaya wau sanès kok barang-barang ing gesang sapunika punika. Hadits sabda pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang sampun naté kasebutaken, saged nyethakaken prakawis punika, inggih punika: nugraha ing suwarga punika *sanès barang-barang ing gesang sapunika punika*; awit dipun riwayataken Kanjeng Nabi Suci ngandika makaten: *Allah ngandika*: *Ingsun wus anyadhiyakaké tumrap para kawula-Ningsun kang tulus, barang kang durung tau dideleng ing mripat lan durung rinungu ing kuping lan kang durung kamrenteg ana ing atiné manusa* (Bkh). Quran Suci ugi mangandikakaken kalayan tetembungan ingkang kados makaten wau, makaten: *Ora ana jiwa kang mangerti marang barang kang sumingid (kang disudhiyakaké) tumrap dhèwèké*. Pratélan ingkang terang gamblang punika sampun boten ambetahaken malih dhateng katerangan, sarta kalayan tanpa wonten semang-semangipun malih dhawuh punika netepaken, bilih nugraha punapa kémawon ingkang kapangandikakaken pinanggih wonten ing suwarga, punika wonten saprakawis ingkang sampun genah, inggih punika: nugraha wau sanès barang-barang ing donya punika. Milanipun, nadyan *kang bening mripaté*, *kang blalak-blalak mripaté*, utawi *kang suci*, *kang éndah*, *hur* lan *'în* ing ayat punika pisan, punika inggih sanès kok tiyang èstri ingkang éndah ing warni ing gesang sapunika punika. Sadaya wau nugraha ing suwarga ingkang calon badhé dados pandumanipun titiyang èstri ingkang tulus tuwin titiyang jaler ingkang tulus, awit ayat 17 mangandikakaken kalayan terang, bilih *para titiyang ingkang sami bekti (rumeksa saking awon)* sami badhé angsal nugraha wau; dados *kang suci éndah* punika nugraha ingkang inggih tumrap tiyang èstri ingkang tulus, inggih tumrap tiyang jaler ingkang tulus.

Saged ugi taksih wonten ingkang pitakèn: Punapaa déné nugraha punika kasebutaken mawi tetembungan ingkang kanggé nembungaken tiyang èstri? Ganjaran ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika ganjaran ingkang wonten sasambetanipun ingkang mligi kaliyan *sucining bubudèn* tuwin *éndahing pandamelipun para tiyang tulus*. Lah, ingkang dados pasemoning *kasucèn* lan *kaéndahan*, punika *èstri* sanès *jaler*. Langkung-langkung kedah dipun pèngeti bilih ing basa Arab, tembung *shâlihât* tuwin *thayyibât* punika gadhah teges *pandamel saé* tuwin *barang ingkang suci*, lan gadhah teges *tiyang èstri ingkang saé* tuwin *tiyang èstri ingkang suci*. Lah punika sababipun malih déné ganjaraning pandamel saé tuwin suci punika kapangandikakaken kalayan tetembungan ingkang kanggé nembungaken tiyang èstri. Ugi kapèngetana bilih tembung kakalih, *hur* lan *'în*, punika *jama'*-ipun tembung, ingkang kénging kanggé nembungaken tiyang jaler tuwin tiyang èstri, makaten ugi kanggé nembungaken sisifatan tuwin pandamel (tindak).

أَلَتْنَاهُم مِّنْ عَمَلِهِم مِّن شَيْءٍ كُلُّ امْرِئٍ بِمَا كَسَبَ رَهِينٌ ﴿٢١﴾

karo dhèwèké,[2357] lan Ingsun ora bakal angurangi panggawéné sathithik-thithika; siji-sijining wong padha *nyangga tanggungan* marang apa kang wus padha dilakoni.[2358]

Ar. *ginadhé*

وَأَمْدَدْنَاهُم بِفَاكِهَةٍ وَلَحْمٍ مِّمَّا يَشْتَهُونَ ﴿٢٢﴾

22 Lan Ingsun bakal atutulung dhèwèké kalawan wowohan lan daging, apa ing sesenengé.

يَتَنَازَعُونَ فِيهَا كَأْسًا لَّا لَغْوٌ فِيهَا وَلَا تَأْثِيمٌ ﴿٢٣﴾

23 Ana ing kono bakal padha larih-linarihan *gelas*, ing kono ora ana panggawé lalahanan sarta ora ana panggawé dosa.[2359]

Ut. *tuwung*

وَيَطُوفُ عَلَيْهِمْ غِلْمَانٌ لَّهُمْ كَأَنَّهُمْ لُؤْلُؤٌ مَّكْنُونٌ ﴿٢٤﴾

24 Lan para mudhané padha angideri dhèwèké, wis prasasat mutyara sumamar.[2360]

وَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ يَتَسَاءَلُونَ ﴿٢٥﴾

25 Lan sawenèhé mara marang liyané atakon-tinakon.

قَالُوا إِنَّا كُنَّا قَبْلُ فِي أَهْلِنَا مُشْفِقِينَ ﴿٢٦﴾

26 Calathuné: Sayekti, aku iki biyèn nguwatiraké kulawargaku;[2361]

فَمَنَّ اللَّهُ عَلَيْنَا وَوَقَانَا عَذَابَ السَّمُومِ ﴿٢٧﴾

27 Ananging Allah aparing wilasa marang aku kabèh sarta nylametaké aku kabèh saka ing siksa angin panas:

2357 Para ingkang sami nindakaken pandamel pangurbanan ageng, punika sami dipun kempalaken kaliyan turunipun; jalaran, dalasan anak-anakipun, ingkang sami nuladha piyambakipun punapa déné sami nindakaken pandamel saé kados ingkang katindakaken bapakipun, punika sami saged angundhuh pigunanipun pandamel wau.

2358. Kula aturi mèngeti piwulang ingkang terang gamblang punika, inggih punika: tiyang punika tanggel jawab dhateng pandamelipun piyambak.

2359. Dados tuwung punika béda sanget kawontenanipun kaliyan tuwung ingkang kasumerepan wonten ing gesang sapunika punika.

2360. Kedah dipun pèngeti bilih laré-laré ingkang kapangandikakaken lir péndah mutiyara sumamar wonten ing ayat punika, punika saged ugi turunipun para angèstu ingkang kasebutaken ing ayat 21, utawi saged ugi punika nugraha ing suwarga, ingkang kuwontenanipun sami kaliyan katrangan bab *hur* ing 2356.

2361. Punika ugi pratélan ingkang terang, ingkang anedahalen bilih titiyang èstri ingkang tulus punika badhé wonten ing suwarga, sasarengan kaliyan para titiyang jaler ingkang tulus. Wonten ing ngarsanipun Allah, bédanipun jaler lan èstri punika boten wonten tegesipun.

28 Sayekti, aku biyèn wus anguwuh Panjenengané: sayekti Panjenengané iku Ingkang-Mahawilasa, Ingkang-Mahaasih.

إِنَّا كُنَّا مِن قَبْلُ نَدْعُوهُ ۖ إِنَّهُ هُوَ الْبَرُّ الرَّحِيمُ ﴿٢٨﴾

RUKU' 2

Para milawani dhumawah ing rusak

29-34. Panyananipun mengsah dhateng Kanjeng Nabi. 35-43. Panglawanipun badhé tanpa guna. 44-49. Pidana ing ngriki sarta ing akhirat.

29 Mulané terus apépélinga, amarga kalawan nugrahaning Pangéranira sira iku dudu tukang pethèk lan dudu wong owah.

فَذَكِّرْ فَمَا أَنتَ بِنِعْمَتِ رَبِّكَ بِكَاهِنٍ وَلَا مَجْنُونٍ ﴿٢٩﴾

30 Utawa apa padha ngucap Juru-Kidung; dhèwèké dak srantèkna (tumeka) gumiliring mangsa kala kojuré.

أَمْ يَقُولُونَ شَاعِرٌ نَّتَرَبَّصُ بِهِ رَيْبَ الْمَنُونِ ﴿٣٠﴾

31 Calathua: Srantèkna, lah sayekti aku iki barenganmu, kalebu éwoné wong kang padha nyarantèkaké.

قُلْ تَرَبَّصُوا فَإِنِّي مَعَكُم مِّنَ الْمُتَرَبِّصِينَ ﴿٣١﴾

32 Apa ta pikirané kang maréntahaké iki marang dhèwèké? Apa ta dhèwèké iku kaum kang ambalasar?

أَمْ تَأْمُرُهُمْ أَحْلَامُهُم بِهَٰذَا ۚ أَمْ هُمْ قَوْمٌ طَاغُونَ ﴿٣٢﴾

33 Utawa apa dhèwèké padha calathu: Iku anggitané dhéwé? O, dhèwèké ora padha pracaya.

أَمْ يَقُولُونَ تَقَوَّلَهُ ۚ بَل لَّا يُؤْمِنُونَ ﴿٣٣﴾

34 Mulané jajal konen padha anekakaké wasita, padhané iki, manawa dhèwèké padha temen.[2362]

فَلْيَأْتُوا بِحَدِيثٍ مِّثْلِهِ إِن كَانُوا صَادِقِينَ ﴿٣٤﴾

2362. Manawi anggènipun sami mastani Quran damel-damelan utawi yasanipun tukang damel kidung utawi tiyang éwah punika kapara nyata, lah punapaa piyambakipun teka boten saged damel undhang-undhang kados damelanipun Kanjeng Nabi Suci? Wiwit jaman wiwitan mila (kados jaman tumurunipun dhawuh punika), Quran sampun nantang para mengsahipun supados sami damel ingkang nyameni Quran. Bab prakawis kalangkunganipun Quran ingkang miyambaki, kula aturi mirsani andharan ing 36.

35 Apa dhèwèké iku dititahaké kalawan tanpa apa-apa, apa ta kang padha anitahaké?[2363]	أَمْ خُلِقُوا مِنْ غَيْرِ شَيْءٍ أَمْ هُمُ الْخَالِقُونَ ﴿٣٥﴾
36 Apa dhèwèké padha anitahaké langit-langit lan bumi? O, dhèwèké padha ora duwé kayakinan.	أَمْ خَلَقُوا السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ ۚ بَلْ لَا يُوقِنُونَ ﴿٣٦﴾
37 Apa dhèwèké angebaki gedhong-gedhongé Pangéranira? Apa ta dhèwèké iku kasinungan purba wisésa?[2364]	أَمْ عِنْدَهُمْ خَزَائِنُ رَبِّكَ أَمْ هُمُ الْمُصَيْطِرُونَ ﴿٣٧﴾
38 Apa dhèwèké padha duwé sarana kang kanggo ngrungokaké? Lah coba wongé kang angrungokaké konen anekakaké bukti winenang kang cetha.[2365]	أَمْ لَهُمْ سُلَّمٌ يَسْتَمِعُونَ فِيهِ ۖ فَلْيَأْتِ مُسْتَمِعُهُمْ بِسُلْطَانٍ مُبِينٍ ﴿٣٨﴾
39 Apa Panjenengané kang kagungan putra wadon, gèk sira kang padha duwé anak lanang ?	أَمْ لَهُ الْبَنَاتُ وَلَكُمُ الْبَنُونَ ﴿٣٩﴾
40 Apa sira anjaluk pituwas marang dhèwèké, kang satemah dhèwèké padha kabotan utang?	أَمْ تَسْأَلُهُمْ أَجْرًا فَهُمْ مِنْ مَغْرَمٍ مُثْقَلُونَ ﴿٤٠﴾
41 Apa kang dhèwèké duwé (kawruh prakara) gaib, banjur padha tinulisan?[2366]	أَمْ عِنْدَهُمُ الْغَيْبُ فَهُمْ يَكْتُبُونَ ﴿٤١﴾

2363. Inggih punika tanpa sabab, utawi tanpa sedya, utawi tanpa wonten ingkang yasa.

2364. Terangipun, panguwaosipun wonten ing nagarinipun mesthi tumunten badhé dipun sirnakaken.

2365. Ayat punika nerangaken bilih para ahli kawruh palintangan tuwin tukang pethèk Arab sami ngaken-aken saged mirengaken wados-wadosipun wekdal ingkang badhé dhateng, nanging pethèkipun dhateng prakawis prakawis ingkang badhé dhateng, boten saged narik dhateng tiyang kathah, awit boten nyata. Tembung ingkang kula jarwani sarana, punika tembung *sullam*. Asalipun tembung punika ateges *ondha*; tiyang Arab sami gadhah piyandel bilih juru pethèkipun sami saged minggah dhateng laladan ing nginggil, ing ngriku sami angsal pawartosipun wekdal ingkang badhé dhateng (Rgh). Punika saged nyethakaken pratélan ing 15: 17, 37: 8, 67: 5, 72: 8. Nitik pangandika ing ayat 41 tuwin ing panggènan sanès, ingkang wigatos nantang para titiyang wau supados sami nyerati pangakenipun saged nyumerepi barang ingkang boten satmata – panantang ingkang kadhawuhaken marambah-rambah nanging boten naté dipun tanggapi – tétéla manawi para tukangipun pethèk piyambak inggih sami mangertos manawi barang ingkang dipun wicantenaken punika boten sanès namung pethèk thok.

2366. Punika dados tandhayekti ingkang terang, bilih wiwit-wiwitan mila Quran punika dipun serati punapa wontenipun kados nalika katurunaken. Surat punika salah satunggaling dhawuh ingkang tumurunipun nalika jaman wiwitan sanget; ing ayat punika para mengsah katantang samia nyerati pameca-pamecanipun wekdal ingkang badhé dhateng. Punika kalayan terang ngisarahi bilih

42 Apa dhèwèké kapéngin perang? Ananging para sing padha kafir, iku kang bakal kalah ana ing paprangan.[2367]

أَمْ يُرِيدُونَ كَيْدًا ۖ فَالَّذِينَ كَفَرُوا هُمُ الْمَكِيدُونَ ﴿٤٢﴾

43 Apa dhèwèké padha duwé sesembahan saliyané Allah? Mahasuci Allah iku saka barang kang disakuthokaké (karo Panjenenganė).

أَمْ لَهُمْ إِلَٰهٌ غَيْرُ اللَّهِ ۚ سُبْحَانَ اللَّهِ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٤٣﴾

44 Manawa dhèwèké padha andeleng sapéranganing langit gugur,[a] bakal padha calathu: Mendhung kandel matumpa.

وَإِن يَرَوْا كِسْفًا مِّنَ السَّمَاءِ سَاقِطًا يَقُولُوا سَحَابٌ مَّرْكُومٌ ﴿٤٤﴾

45 Mulané padha togna baé, nganti katemuné karo dinané, kang ing kono dhèwèké *ditibani pidana*

فَذَرْهُمْ حَتَّىٰ يُلَاقُوا يَوْمَهُمُ الَّذِي فِيهِ يُصْعَقُونَ ﴿٤٥﴾

46 Dina, kang pérangé ora amaédahi marang dhèwèké sathithikthithika, sarta ora bakal padha tinulungan.[2368]

يَوْمَ لَا يُغْنِي عَنْهُمْ كَيْدُهُمْ شَيْئًا وَلَا هُمْ يُنصَرُونَ ﴿٤٦﴾

47 Lan sayekti, para kang padha atindak dudu, bakal padha olèh siksa kajabané iku, ananging sing akèh padha ora weruh.[2369]

وَإِنَّ لِلَّذِينَ ظَلَمُوا عَذَابًا دُونَ ذَٰلِكَ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَهُمْ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٤٧﴾

---

piweca-piwecanipun Quran dhateng wekdal ingkang badhé dhateng, punika lumuntanipun dhateng para titiyang wau awujud seratan.

2367. Kula aturi maspadhakaken tetembungan ingkang terang gamblang ingkang kanggé mangandikakaken paprangan, tuwin kawonipun ingkang wekasan para titiyang kafir saha ambruking panguwaosipun, ingkang kagem wonten ing dhawuh punika. Kula aturi mirsani LL, ing ngriku *kaid* wonten ingkang dipun tegesi *peperangan*, awawaton kitab bausastra Arab ingkang saé-saé, kadosta TA, LA, Q, tuwin sanès-sanèsipun LL ugi nyebutaken tetembungan ingkang makaten ungelipun:

غزا فلان فلم يلق كيدا jawinipun: *si Suta nglurug perang nanging ora ana paprangan,* (S, LA), inggih punika *boten ngantos tempuk perang* (LL). Déné katranganipun tembung *makîd*, kula aturi mirsani JB tuwin Kf. Kf anggènipun anggancaraken dhawuh ingkang mungel هم مكيدون makaten: *Olèh-olèhané enggoné padha merangi bali marang dhèwèké sarta upayané mesthi bakal anglebur awaké dhéwé, lan iya kaya mangkono iku anggoné dhèwèké padha pinatènan nalika paprangan ing Badr*.

2368. Kula aturi maspadhakaken cetha lan ceplosipun lajenging piweca punika.

2369. Siksa warni kalih ingkang dipun ancamaken dhateng para mengsah, ing ayat punika kapangandikakaken kalayan wijang; inggih punika: satunggal, siksa ingkang andhawahi piyambakipun wonten ing gesang sapunika punika, ingkang awujud paceklik tuwin peperangan-peperangan ingkang badhé mahanani sirnanipun babar pisan panguwaosipun, tuwin kaping kalihipun siksa ingkang awujud siksa ruhani wonten ing gesang ing bénjing.

48 Lan nyrantèkna kalawan sabar marang pancasaning Pangéranira, amarga sayekti sira iku ana ing paningal-Ingsun,[2370] sarta mahasucèkna kalawan pujining Pangéranira samangsané sira tangi,

وَاصْبِرْ لِحُكْمِ رَبِّكَ فَإِنَّكَ بِأَعْيُنِنَا وَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ حِينَ تَقُومُ ﴿٤٨﴾

49 Lan ing wengi uga mahasucèkna Panjenengané, mangkono manèh ing suruping lintang-lintang.

وَمِنَ اللَّيْلِ فَسَبِّحْهُ وَإِدْبَارَ النُّجُومِ ﴿٤٩﴾

2370. Pancasaning Pangéran punika tegesipun pidana tumrap tiyang duraka. Kanjeng Nabi boten perlu kuwatos, amargi dipun tembungaken panjenenganipun punika wonten *ing paningal-Ingsun.*

رُكُوعَاتُهَا ٣ — سُورَةُ النَّجْمِ مَكِّيَّةٌ (٥٣) — آيَاتُهَا ٦٢

SURAT 53

AN-NAJM

(*Lintang*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ruku', 62 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kahagungan ingkang badhé kegayuh déning Kanjeng Nabi.
Ruku' 2. Boten wonten ingkang saged lumawan kasunyatan.
Ruku' 3. Kuwasanipun Allah gumelar wonten ing leburipun panggorohan.

Katerangan gerban

Tembung *Lintang* ingkang kanggé namakaken surat punika, punika kasebut wonten ing ayat ingkang wiwitan. Surat ingkang sampun mangandikakaken kabegjanipun para angèstu, déné ingkang kapangandikakaken ing surat punika bab kamulyan ingkang mesthi badhé kagayuh déning Kanjeng Nabi. Dados surat kakalih punika wonten sasambetanipun. Ruku' ingkang sapisan nerangaken bilih Kanjeng Nabi punika boten kesasar; awit saking punika, rèhning dumunung wonten ing margi ingkang leres, panjenenganipun mesthi anggayuh kaluhuran tuwin anggayuh kamulyan ingkang pancènipun saged kagayuh ing manusa. Ruku' ingkang kaping kalih nerangaken bilih boten wonten barang satunggal kémawon ingkang wonten pigunanipun kanggé anglawan yakti, déné ruku' ingkang kaping tiga nyebutaken kawasanipun Allah kados déné ingkang gumelar wonten ing leburipun panggorohan. Titimangsaning tumurunipun surat punika kénging katamtokaken ing taun ingkang kaping gangsal sasampunipun Kanjeng Nabi jumeneng utusan, dados boten prabéda lan surat ingkang sampun, surat punika kagolong ing jaman Makkah wiwitan.

RUKU' 1

Kahagungan ingkang badhé kegayuh déning Kanjeng Nabi

1-6. Kanjeng Nabi Suci boten sasar. 7-18. Kahagungan ingkang badhé kegayuh déning panjenenganipun. 11-25. Panyembah-brahala tinampik.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

a. 2099 Ut. *pérangan kang katurunaké*

1 Maspadakna[a] *lintang, nalikané surup.*[2371]

وَالنَّجْمِ إِذَا هَوٰى ①

2371. Dhawuh والنجم اذا هوى punika kénging dipun tafsiri warni-warni, manut anggènipun negesi tembung *najm* lan *hawâ*. Tegesipun *najm* ingkang misuwur piyambak: *lintang*, manawi dados tembung aran kanggé mastani namaning barang, ateges lintang Wuluh (*Pleiades*), déné tembung *hawâ* miturut Rgh kénging dipun tegesi ذهاب فى الحدر *mlorot mangandhap*. Tiyang Arab gadhah piyandel, samangsa *An-Najm* (lintang Wuluh) jumedhul ing wanci énjing, punika pratandha manawi

Ut. *sasar, sumimpang*

2 Ora *luput* mitranira lan ora bakal *tuna ing panggayuh*;[2372]

مَا ضَلَّ صَاحِبُكُمْ وَمَا غَوَىٰ ۝٢

---

babaya lan kacilakan sampun dumugi wancinipun sirna. Kadosta ing satunggaling riwayat wonten ingkang nyebutaken kakantunanipun piyandel punika makaten: اذا طلع النجم ارتفعت العاهة utawi ما طلع النجم وفي الارض jawinipun samangsa *najm* ngaton ora ana babaya ing bumi; IAS ingkang nyebutaken riwayat punika, nalika nerangaken tembung *najm* ngandikakaken, *thulu'* wau ateges *ngatingal ing wanci énjing*. Panjenenganipun ugi nerangaken "Titiyang Arab sami gadhah piyandel bilih ing wekdal antawising ngatingalipun lintang wau ing wanci énjing kaliyan angslupipun, mesthi wonten sasakit, pageblug tuwin babaya tumrap tiyang, unta tuwin woh-wohan." Cariyosipun, sasampunipun angslup, lintang wau lajeng ngatingal malih ing wanci énjing. Awit saking punika mila manawi lintang wau mandhap ing wanci énjing, inggih punika samangsa katingal wonten ing kilèn kados badhé angslup, punika boten namung dados pratandha bilih lintang wau sampun mèh angslup nanging ugi amratandhani manawi babaya badhé sirna. Dados ing dalem dhawuh والنجم اذا هوى punika cetha manawi mengku suraos andhawuhaken diprayitna dhateng babaya ingkang badhé andhawahi bangsa Arab. Teges punika wonten sasambetanipun ingkang terang gamblang kaliyan wekasaning surat ingkang sampun; ing ngriku wonten dhawuh ingkang sasambetan kaliyan bab prakawis punika makaten: "Dinané kang ing kono dhèwèké ditibani pidana .... Lan nyrantèkna kalawan sabar marang pancasané Pangéranira, awit sayekti sira iku ana ing paningal-Ingsun, sarta mahasucèkna kalawan pujining Pangéranira samangsa sira tangi; lan ing wengi uga mahasucèkna Panjenengané, mangkono manèh *ing suruping lintang-lintang.*" Seraping lintang punika mengku pèpènget dhateng para mengsah, bilih babaya tumunten badhé andhawahi piyambakipun. Salajengipun kadhawuhaken, bilih punika sanès panasaranipun Kanjeng Nabi, nanging punika wahyu ingkang dhumawah saking Dhat Ingkang-Mahaluhur. Menggah ing sajatos-jatosipun pangandika wau sami kaliyan mangandikakaken, bilih lintanging kabegjan tumrap para titiyang wau sampun mèh surup.

Nanging inggih wonten malih tegesipun tembung *najm* ingkang boten patosa misuwur, inggih punika kados déné ingkang kula serat wonten ing margin. Tarkadhang tembung *najm* punika sok mengku teges *sapéranganipun Quran* (Bd, Rz, Kf). Teges punika ugi mathuk dipun anggé tumrap wonten ing ngriki. Déné suraosipun, dhawuh migatosaken dhateng pérangan-péranganipun Quran ingkang kawahyokaken dhateng Kanjeng Nabi Suci, awit punika dados pratandha ingkang terang, bilih Kanjeng Nabi punika boten dumunung ing sasar (ayat 2), jalaran pérangan-péranganipun dhawuh Quran wau boten wonten ingkang ngemot piwulang panasaran. Ayat angka tiga tuwin ayat-ayat sambetipun nyethakaken malih panyuraos punika, jalaran ing ngriku kadhawuhaken bilih Quran punika wahyu saking Pangéran, sarta Kanjeng Nabi punika boten kok "ngucap saka karepé dhéwé" (ayat 3). Kf tuwin mufassir sanès-sanèsipun nganggep panyuraos kados makaten punika panyuraos ingkang leres piyambak; Kf nerangaken: "*Utawi najm punika ateges salah satunggaling pérangan-péranganipun Quran, sarta Quran punika anggènipun katurunaken sapérangan-sapérangan salebetipun wekdal kalih dasa taun. Déné hawâ, tegesipun tumurun utawi kawahyokaken.*" Rgh suka katrangan makaten "*Kacariyos kalayan tembung punika (*inggih punika tembung *najm) ingkang dipun karsakaken Quran, ingkang tumurunipun punika apépérangan sapérangan-sapérangan*: déné pangandikanipun Pangéran *hawâ*, ingkang dipun karsakaken: *tumurunipun pérangan-pérangan wau*; makaten ugi dhawuhipun Pangéran punika kedahipun inggih dipun suraosa kados makaten wau." Wondéné dhawuh: بمواقع النجوم punika kasebut wonten ing 56: 75; miturut Rgh, panyuraosipun ternbung *najm* ingkang tumrap ing ngriki, punika ugi kénging dipun anggé tumrap wonten ing 56: 75, dados tegesipun *tumuruning pérangan-péranganipun Quran*. Wonten malih panyuraos ingkang angka tiga, manawi tembung *hawâ* dipun tegesi mlethèk. Lintang punika samangsa ngatingal, dados tuntunan tumrap para ingkang sami lalampah wonten ing nagari-saganten-wedhi kados kawontenanipun tanah Arab punika: lah para lalampah ruhaniyah kaparingan dhawuh bilih piyambakipun badhé angsal tuntunan ingkang peng-pengan wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi Suci, ing salebetipun sami lalampahan ing margi ruhani.

2372. Ayat punika wonten pepéranganipun warni kalih, pérangan ingkang sapisan mengku dhawuh ingkang netepaken, bilih *Kanjeng Nabi punika boten dumunung ing sasar*; pérangan ingkang angka

3 Sarta pangucapé ora saka karepé (dhéwé).[2373]

وَمَا يَنطِقُ عَنِ الْهَوَىٰ ۝٣

4 Ora liya iku kajaba wewedhar kang diwedharaké,

إِنْ هُوَ إِلَّا وَحْيٌ يُوحَىٰ ۝٤

5 Kang mulang dhèwèké iku Gustining kakuwatan kang kinawasa,[2374]

عَلَّمَهُ شَدِيدُ الْقُوَىٰ ۝٥

6 Kang-Kagungan-Kakuwatan; mulané dhèwèké bisa anggayuh kasampurnan,[2375]

ذُو مِرَّةٍ فَاسْتَوَىٰ ۝٦

7 Lan dhèwèké ana ing péranganing cakrawala kang dhuwur dhéwé.[2376]

وَهُوَ بِالْأُفُقِ الْأَعْلَىٰ ۝٧

---

kalih, kénging kasuraos ambuktèkaken péranganing dhawuh ingkang sapisan wau, inggih punika *panjenenganipun boten wurung mesthi badhé saged anggayuh tuju ingkang kasedya*, jalaran sampun tétéla, manawi tiyang punika sasar ing sakawitipun, saha ngambah margi ingkang lepat, piyambakipun mesthi boten badhé saged anggayuh tuju ingkang kasedya. Para ingkang semang-semang sami kaparingan dhawuh pangandika, manawi Kanjeng Nabi punika saged anggayuh ingkang sinedya, punika dados pratandha ingkang terang bilih panjenenganipun punika boten kesasar. Utawi, manut teges satunggalipun, *mâdlalla* mengku suraos panjenenganipun kagungan *ngèlmunipun ingkang sajati*, lan *mâ gawâ*, mengku suraos *panjenenganipun tumindhak manut ngèlmu wau.*

2373. Ayat punika tuwin ayat sadèrèngipun, netepaken kalayan ambabar pisani bilih Kanjeng Nabi Suci punika suci ing dosa. Ayat ingkang rumiyin mangandikakaken Kanjeng Nabi boten nindakaken barang ingkang lepat, ayat punika mangandikakaken Kanjeng Nabi *boten ngucapaken* barang ingkang sanès wedharing keparenging karsanipun Pangéran.

2374. Ingkang Kalangkung Kinawasa, ingkang mulang ing Kanjeng Nabi Suci, punika Gusti Allah Pribadi, nadyan limrahipun dipun suraos malaikat Jibril. Kula aturi nyundhukaken kaliyan 55: 1, 2: "Ingkang-Mahamurah ingkang mulang Quran."

2375. استوى الرجل tegesipun بلغ اشده (M, Q) jawinipun *dhèwèké wis ngancik diwasa*, *badané lan akal budiné*, utawi *dhèwèké wis sampurna dumadiné lan budiné* (LL). Rèhning ing ayat-ayat punika boten wonten ingkang nyebutaken malaikat Jibril, milanipun *dlamir*-ipun (tembungipun *purusa*) ingkang mangka jejer, inggih boten wangsul dhateng malaikat Jibril. Ingkang kapangandikakaken ing ngriki sampun diwasa punika inggih Kanjeng Nabi Suci piyambak, inggih punika diwasa menggah ing ruhaniyahipun, awit Pangéran Ingkang-Mahakawasa Pribadi, ingkang dados Gurunipun.

2376. Kanjeng Nabi wonten ing cakrawala ingkang inggil piyambak, punika mengku karsa nyebutaken sumoroting cahyanipun Kanjeng Nabi ingkang sumunar mancur-mancur anelahi, ingkang amadhangi ing saindhenging bawana. Menggah ing sajatos-jatosipun punika piweca, bilih panjenenganipun badhé nyunaraken prabanipun ingkang mancorong gumebyar kados surya ing wanci tengangé. Lah inggih punika ingkang dipun kajengaken ing kidung panembrama dhateng Kanjeng Nabi Suci ing ngandhap punika انت لما ولدت اشرقت الارض وضاءت بنورك الافق jawinipun: *nalika paduka kawiyosaken bumi lajeng apadhang-njingglang sarta cakrawala lajeng sumunar kèbekan cahya paduka*.

Ar. *luwih marek*

8 Tumuli marek, banjur *dadi andhap asor*,[2377]

ثُمَّ دَنَا فَتَدَلّٰى ﴿٨﴾

9 Nganti dhèwèké ukurané rong gendhèwa utawa luwih parek.[2378]

فَكَانَ قَابَ قَوْسَيْنِ اَوْ اَدْنٰى ﴿٩﴾

10 Lan Panjenenganė aparing wewedhar marang kawula-Né apa kang kawedharaké.[2379]

فَاَوْحٰٓى اِلٰى عَبْدِهٖ مَآ اَوْحٰى ﴿١٠﴾

11 Si ati ora maido apa kang dideleng.

مَا كَذَبَ الْفُؤَادُ مَا رَاٰى ﴿١١﴾

12 Lah apa kowé padha madoni dhèwèké tumrap apa kang dideleng?[2380]

اَفَتُمٰرُوْنَهٗ عَلٰى مَا يَرٰى ﴿١٢﴾

13 Lan sayekti temen dhèwèké weruh Panjenenganė anggoné tumedhak liyané,

وَلَقَدْ رَاٰهُ نَزْلَةً اُخْرٰى ﴿١٣﴾

14 Ana ing sacedhaking wit Sidrah kang adoh kaliwat;[2381]

عِنْدَ سِدْرَةِ الْمُنْتَهٰى ﴿١٤﴾

2377. *Tadalla* punika tegesipun *mendhak* utawi *anorraga* (LL). Ayat punika mengku karsa dhawuh anggatosaken dhateng kasampurnanipun Kanjeng Nabi Suci, inggih punika keparekipun dhateng Pangéran, tuwin andhap-asoripun manawi sasrawungan kaliyan manusa; dados ateges netepaken kasampurnanipun Kanjeng Nabi anggènipun tinitah dados manusa.

2378. *Qab-ipun qaus* punika *péranganing gendhéwa ing antawisipun pérangan ingkang kagepok ing tangan kaliyan pucukipun ingkang mlengkung* (Q, Msb-LL). Miturut Qatadah ateges *wiwit pucuking wilahan ingkang satunggal dumugi pucuk satunggalipun* (AH). Miturut Hasan tuwin Mujahid, *qâb* punika *wiwit sendheng dumugi wilahan ing tengah-tengahing gendhéwa ing sacelakipun panggènan ingkang kagepok ing tangan* (AH). IAs tuwin LA anggènipun negesi *qâb*: *ukuran tebih (qadr)*; LA mawi nyebutaken paribasan Arab بينهما قاب قوسين jawinipun: *antarané loro-loroné iku saadohing gendhéwa*, inggih punika kanggé maribasakaken sasambetanipun tiyang kakalih ingkang sakalangkung raket. Wonten paribasan sanès malih رمونا عن قوس واحد jawinipun *dhèwèké padha manahi aku kabèh saka gandhéwa sawiji*, kajengipun: *sarujuk* (LL). Teges punapa kémawon ingkang dipun anggé, *qâb* satunggal kasebutaken kanggé gendhéwa kakalih, punika anedahaken *rapeting manunggilipun*. Sajakipun gendhéwa kakalih punika nyasmitakaken teges kasampurnanipun Kanjeng Nabi Suci kalih warni, inggih punika keparekipun dhateng Pangéran tuwin andhap-asoripun samangsa sasrawungan kaliyan manusa. Para mufassirin limrahipun sami nyuraos ukara wau namung ateges tebihipun gendhéwa kakalih.

2379. *Mâ* (*barang* utawi *apa*) ing ukara *mâ auhâ* (*apa kang winahyakaké*), punika miturut sadaya mufassir kanggé *tafkhîm*, inggih punika kanggé nedahaken bilih wahyu ingkang kinawasa ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi.

2380. Terangipun, punapa ingkang sampun dipun uningani punika yakti ingkang sampun yakin, sanès gambar ingkang tuwuh ing pangangen-angen.

2381. *Sidrah*, utawi *wit widara*, punika ing tanah Arab *wit ingkang ayomanipun dipun anggé pakèndelan tuwin kanggé ngaso tiyang kathah* (LL), utawi *ingkang ayang-ayanganipun dipun anggé klempakanipun titiyang kathah* (Bd). Ing panggènan sanès ing Quran tembung wau ugi kasebut, ateges

15 Ing sacedhaké kono taman, enggon pangungsèn.

عِنْدَهَا جَنَّةُ الْمَأْوٰى ﴿١٥﴾

16 Nalikané barang kang nutupi anutupi wit Sidrah iku;

إِذْ يَغْشَى السِّدْرَةَ مَا يَغْشٰى ﴿١٦﴾

17 Si mripat ora mléngos sarta ora mlangkah wawates.

مَا زَاغَ الْبَصَرُ وَمَا طَغٰى ﴿١٧﴾

18 Sayekti dhèwèké andeleng sawatara tandha-tandhaning Pangérané kang gedhé-gedhé banget.

لَقَدْ رَاٰى مِنْ اٰيٰتِ رَبِّهِ الْكُبْرٰى ﴿١٨﴾

19 Lah apa kowé wis padha andeleng Lat lan ‘Uzza,

اَفَرَءَيْتُمُ اللّٰتَ وَالْعُزّٰى ﴿١٩﴾

20 Sarta Manat, kang katelunė, kang wekasan?

وَمَنٰوةَ الثَّالِثَةَ الْاُخْرٰى ﴿٢٠﴾

21 Kapriyé, apa anak-anak lanang kowé sing padha duwé lan anak-anak wadon Panjenengané?[2382]

اَلَكُمُ الذَّكَرُ وَلَهُ الْاُنْثٰى ﴿٢١﴾

---

wit ing suwarga (56: 28). Rgh nerangaken tembung wau makaten: "*Dipun upadosi ayang-ayanganipun, milanipun lajeng dipun anggé nyanépakaken ayang-ayanganipun sawarga tuwin nugrahanipun suwarga, wonten ing dhawuh ingkang mungel* في سدر مخضود *margi saking kathahing ayang-ayanganipun*." Déné tegesipun tembung wau tumrap wonten ing ayat punika, Rgh nerangaken saged ateges *panggènan nalika Kanjeng Nabi Suci saw. kapilih ngampil nugrahaning Pangéran tuwin paparing ingkang agung*, utawi saged ateges *wit ingkang ngandhapipun dipun anggé lerem para sahabat nalika sami prasetya badhé ambélani Kanjeng Nabi Suci kalayan nyawanipun wonten ing Hudaibiyah*; déné tumrap teges ingkang angka kalih punika, dumunung piweca. Wondéné *sidrah* kasifatan mawi tembung *al-muntaha* punika anedahaken bilih punika panggènan ingkang boten saged ginayuh ing seserepanipun manusa, salah satunggaling kateranganipun Kf makaten: "ngélmuné para malaikat lan liya-liyané wus cuthel ana ing kono, lan ora ana sawiji apa kang weruh marang barang kang ana ing kanané." Awit saking punika, teges ingkang kawengku wonten ing dhawuh punika: ngélmunipun Kanjeng Nabi ing bab prakawis bangsa llahiyah (bangsa Kapangéranan), punika inggil-inggilipun ingkang saged kagayuh ing manusa. Sawenèh gadhah paham tegesipun sami kaliyan *illiyyun* ing 83: 18 (Har-LL); déné katranganipun kasebutaken wonten ing 2695.

2382. Ayat 19-21 punika para pangarang Nasrani dipun anggé dhadhasaring cariyos ngayawara ingkang sok winastan cariyos "Nabi Muhammad nalisir" utawi cariyos "Rukun kaliyan panembah-brahala." Ngemungaken sawenèh hadits ingkang dipun riwayataken Waqidi tuwin Thabari kémawon, ingkang dipun anggé landhesaning pandalih dhateng Kanjeng Nabi wau; mangka Kanjeng Nabi punika boten kèndel-kèndel tansah mulangaken ambrasta panembah-brahala. Saben lalampahan ingkang dipun alami nalika sugengipun, ambuktèkaken bilih cariyos wau lugu gogorohan blaka. Tuwan Muir nerangaken: "titiyang Muslimin ing pawingkingipun, sami nulak (angemohi) cariyos wau ing sagemblengipun, margi lingsem déné Nabinipun nalisir ngantos samanten anggènipun ngawon." Katranganipun tuwan Muir punika tanpa wonten leresipun babar pisan. Muhammad bin Ishaq ingkang sédanipun taksih nalika jaman taun Hijrah 151, boten nyebutaken cacriyosan wau; kosokwangsulipun,

22 Iki temen pamérang kang ora bener!

تِلْكَ إِذًا قِسْمَةٌ ضِيزَىٰ ﴿٢٢﴾

23 Iku ora liya kajaba mung jeneng-jeneng kang padha kosebut-sebut, kowé lan bapak-bapakmu; Allah ora anurunaké buktiwewenang marang iku. Ora liya dhèwèké iku kajaba mung padha manut panyana-nyana sarta pépénginé hawa napsu(-né); lan sayekti, temen pituduh saka Pangérané wis tumeka marang dhèwèké.

إِنْ هِيَ إِلَّا أَسْمَاءٌ سَمَّيْتُمُوهَا أَنْتُمْ وَآبَاؤُكُمْ مَا أَنْزَلَ اللَّهُ بِهَا مِنْ سُلْطَانٍ ۚ إِنْ يَتَّبِعُونَ إِلَّا الظَّنَّ وَمَا تَهْوَى الْأَنْفُسُ ۖ وَلَقَدْ جَاءَهُمْ مِنْ رَبِّهِمُ الْهُدَىٰ ﴿٢٣﴾

24 Apa manusa iku bakal olèh sabarang kang diajap?

أَمْ لِلْإِنْسَانِ مَا تَمَنَّىٰ ﴿٢٤﴾

25 Ora! kagunganing Allah akhirat lan (kauripan) wiwitan iku.

فَلِلَّهِ الْآخِرَةُ وَالْأُولَىٰ ﴿٢٥﴾

---

waton ingkang kina piyambak ingkang dipun anggé gondhèlan tuwan Muir, inggih punika Waqidi, punika anggènipun kawiyosaken sampun let kawandasa taun ing sapengkeripun. Kasebutaken wonten ing Bahrain, nalika Muhammad bin Ishaq dipun suwuni pirsa bab cariyos wau, panjenenganipun mastani bilih cariyos wau damel-damelanipun tiyang *Zindiq*. Imam Bukhari ingkang kaloka, inggih punika ngulami Hadits ingkang pinitados piyambak, punika nunggil jaman kaliyan Waqidi; ing kitabipun Hadits boten nyebutaken cariyos wau. Déné ing bab Imam Waqidi, sadaya para ngulami ingkang winasis sami mastani panjenenganipun punika boten kénging pinitados. Kitab *Mizânu-l-I'tidal*, inggih punika kitab ingkang isi panaliti-priksa bab lalampahan saha kalakuwanipun para jurungriwayataken hadits, mastani Waqidi punika *boten kénging pinitados*, malah mastani *tukang damel-damel hadits*. Déné bab Imam Thabari, tuwan Muir piyambak mastani, bilih panjenenganipun punika "groboh." Ingkang anduwa wawaton kakalih ingkang boten kénging pinitados wau kasebutaken kitab *Ruhu-l-Ma'âni* makaten: "ingkang sami angemohi cariyos punika para saged ingkang sami linangkung." Kitab hadits nem warni ingkang misuwur sinebut Shihah Sittah (jawinipun *kitab nenem kang kena digondhèli*), babar pisan boten wonten ingkang nyebutaken cariyos wau, malah-malah nyebutaken satunggaling hadits ingkang wigatos anduwa cariyos ingkang sok winastan *rukunan* wau. Pasaksèn ingkang saking Quran piyambak inggih anduwa cacriyosan wau. Cariyosipun, nalika dumugi ayat 21, sanès ayat 21 ingkang kawaos Kanjeng Nabi, nanging ukara-punika:

تلك الغرانيق العلى وان شفاعتهن لترتجى jawinipun: "Iki wadon kang linuhur, lan sayekti syafa'até iku temen kudu diupaya." Nanging nyeselaken ukara kados makaten punika wonten ing surat ingkang ing sagemblengipun katujokaken lumawan panembah-brahala, punika nglengkara sanget. Mangga, ayat 23 angemohi brahala-brahala; ayat 26 boten ngakeni syafa'atipun brahala-brahala; ayat 28 nacad anggèning para titiyang sami namakaken malaikat para sesembahanipun èstri, lan salajengipun. Salajengipun dipun cariyosaken bilih tumurunipun dhawuh ing 22: 52 punika gagayutan kaliyan éwah-éwahan punika. Nanging kawuningana, tumurunipun ayat punika kaliyan dhawuh ing 22: 52 punika sakedhik-sakedhikipun sampun let wolung taunan. Kajawi punika, saupami nyata Kanjeng Nabi damel rukunan kados makaten wau, kaselak mokal manawi kawontenan wau namung sagebyagan rampung; tilas-tilasipun mesthi inggih pinanggih wonten ing surat sanès-sanèsipun ingkang tumurunipun nunggil jaman. Nanging nyatanipun boten makaten, surat-surat wau nedahaken kalayan terang bilih anggènipun Quran anglepataken panembah brahala punika boten naté gingsir sakedhik-kedhika. Ing salajengipun kula aturi mirsani 2387.

RUKU’ 2

Boten wonten ingkang saged lumawan kasunyatan

26, 27. Safa’ating para malikat badhé boten migunani. 28-30. Panyana punika boten maédahi tumraping kasunyatan, 31. 32. Saé lan awon sami winales.

26 Lan wis pira baé malaikat ing langit-langit kang safa’até ora amakolèhi sathithik-thithika, kajaba sawisé Allah angidini, tumrap sapa kang dadi karsané lan dadi pirena-Né.

وَكَمْ مِّنْ مَّلَكٍ فِى السَّمٰوٰتِ لَا تُغْنِىْ شَفَاعَتُهُمْ شَيْـًٔا اِلَّا مِنْۢ بَعْدِ اَنْ يَّأْذَنَ اللّٰهُ لِمَنْ يَّشَآءُ وَيَرْضٰى ﴿٢٦﴾

27 Sayekti, para kang ora pracaya marang akhirat padha angarani malaikat kalawan aran wadon.[2383]

اِنَّ الَّذِيْنَ لَا يُؤْمِنُوْنَ بِالْاٰخِرَةِ لَيُسَمُّوْنَ الْمَلٰٓئِكَةَ تَسْمِيَةَ الْاُنْثٰى ﴿٢٧﴾

28 Dhèwèké padha ora duwé kawruh prakara iku; ora liya kajaba mung padha manut panyana-nyana, lan sayekti panyanan iku ora maédahi sathithik-thithika tumrap marang kasunyatan.

وَمَا لَهُمْ بِهٖ مِنْ عِلْمٍ ۗ اِنْ يَّتَّبِعُوْنَ اِلَّا الظَّنَّ ۚ وَاِنَّ الظَّنَّ لَا يُغْنِىْ مِنَ الْحَقِّ شَيْـًٔا ۚ ﴿٢٨﴾

29 Mulané méngoa saka wong kang maléngos saka pépéling-Ingsun sarta mung angarah kauripan donya.

فَاَعْرِضْ عَنْ مَّنْ تَوَلّٰى ۙ عَنْ ذِكْرِنَا وَلَمْ يُرِدْ اِلَّا الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا ۗ ﴿٢٩﴾

Ar. *tujuné kawruh*
Ar. *Panje-nenganė*

30 Iku *tujuning kawruhé*; sayekti, Pangéranira, iku luwih angudanèni marang sapa kang sasar saka dadalan-É, sarta Panjenengané luwih angudanéni marang sapa kang nurut dalan bener.

ذٰلِكَ مَبْلَغُهُمْ مِّنَ الْعِلْمِ ۗ اِنَّ رَبَّكَ هُوَ اَعْلَمُ بِمَنْ ضَلَّ عَنْ سَبِيْلِهٖ ۙ وَهُوَ اَعْلَمُ بِمَنِ اهْتَدٰى ﴿٣٠﴾

31 Lan kagunganing Allah sabarang kang ana langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi iku, supaya Panjenengané amales para kang atindak ala kalawan apa tindaké, sarta amales para kang alaku becik kalawan kabecikan.

وَلِلّٰهِ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ ۙ لِيَجْزِىَ الَّذِيْنَ اَسَآءُوْا بِمَا عَمِلُوْا وَيَجْزِىَ الَّذِيْنَ اَحْسَنُوْا بِالْحُسْنٰى ۚ ﴿٣١﴾

2383. Bangsa Arab mastani para malaikat punika sami putra-putrinipun Gusti Allah (Bd).

32 Para kang padha angedohi dosa gedhé-gedhé sarta alaku nistha, kajaba keclaping gagasan;[2384] sayekti Pangéranira jembar ing pangapura. Panjenengané iku luwih angudanèni marang sira nalika anukulaké sira saka ing bumi sarta nalikané sira isih widhungan ana ing jeroning guwa garbaning biyung-biyungira; mulané aja sira sumuci jiwanira; Panjenengané iku luwih Ngudanèni marang sapa sing anjaga dhiriné (saka ing ala).

اَلَّذِيْنَ يَجْتَنِبُوْنَ كَبٰٓئِرَ الْاِثْمِ وَالْفَوَاحِشَ اِلَّا اللَّمَمَ ؕ اِنَّ رَبَّكَ وَاسِعُ الْمَغْفِرَةِ ؕ هُوَ اَعْلَمُ بِكُمْ اِذْ اَنْشَاَكُمْ مِّنَ الْاَرْضِ وَاِذْ اَنْتُمْ اَجِنَّةٌ فِىْ بُطُوْنِ اُمَّهٰتِكُمْ ۚ فَلَا تُزَكُّوْٓا اَنْفُسَكُمْ ؕ هُوَ اَعْلَمُ بِمَنِ اتَّقٰى ﴿٣٢﴾

RUKU' 3

Kawasanipun Pangéran kababar wonten ing sirnanipun panggorohan

33-41. Manusa dipun ganjar miturut lalabuhanipun. 42-46. Gusti Allah punika Ingkang-andadosaken lan Ingkang nglebur. 47-54. Kaum ingkang sami dipun lebur kala rumiyin. 52-62. Pèpènget tumrap badhé dhatengipun siksa.

33 Lah apa ta sira wis weruh wong kang maléngos,

اَفَرَءَيْتَ الَّذِىْ تَوَلّٰى ﴿٣٣﴾

34 Sarta wèwèhé sathithik lan (banjur) mampet?

وَاَعْطٰى قَلِيْلًا وَّاَكْدٰى ﴿٣٤﴾

35 Apa dhèwèké duwé kawruh gaib, satemah bisa weruh?

اَعِنْدَهٗ عِلْمُ الْغَيْبِ فَهُوَ يَرٰى ﴿٣٥﴾

36 Utawa apa dhèwèké ora diwartani apa kang ana sajroné kitabé Musa?

اَمْ لَمْ يُنَبَّاْ بِمَا فِىْ صُحُفِ مُوْسٰى ﴿٣٦﴾

37 Sarta (kitabé) Ibrahim, kang angganepi (paréntah-paréntah):

وَاِبْرٰهِيْمَ الَّذِىْ وَفّٰىٓ ﴿٣٧﴾

a. 851 38 Yèn ora ana wong mikul kang mikul pipikulaning liyan;[a]

اَلَّا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِّزْرَ اُخْرٰى ﴿٣٨﴾

2384. *Lamam* punika miturut Rgh saking tembung ألممت بكذا jawinipun: *aku tumeka ing kono lan nyedhak mrono kalayan tanpa tumiba ing kono*. Milanipun tembung wau kula jarwani keclaping gagasan, ingkang boten nabeti dhateng manah. Gagasan makaten wau ingapunten awit manusa limrah boten saged kalis saking punika. Nanging ingkang makaten punika inggih boten kok sami kaliyan nemaha utawi anjarag tumindhak dosa.

39 Lan, yèn manusa iku ora bakal olèh apa-apa kajaba mung apa jangkahé;

وَاَنْ لَّيْسَ لِلْاِنْسَانِ اِلَّا مَا سَعٰى ﴿٣٩﴾

40 Lan, yèn jangkahé bakal énggal katon;

وَاَنَّ سَعْيَهٗ سَوْفَ يُرٰى ﴿٤٠﴾

41 Banjur, iku, dhèwèké bakal winales kalawan wawales kang ganep;

ثُمَّ يُجْزٰىهُ الْجَزَآءَ الْاَوْفٰى ﴿٤١﴾

42 Lan yèn marang Pangéranira pantoging tuju iku;

وَاَنَّ اِلٰى رَبِّكَ الْمُنْتَهٰى ﴿٤٢﴾

43 Lan yèn Panjenengané, Kang agawé (manusa) gumuyu lan nangis;

وَاَنَّهٗ هُوَ اَضْحَكَ وَاَبْكٰى ﴿٤٣﴾

44 Lan, yèn Panjenengané kang aparing pati lan urip;

وَاَنَّهٗ هُوَ اَمَاتَ وَاَحْيَا ﴿٤٤﴾

45 Lan, yèn Panjenengané wus anitahaké jodhon-jodhon, si lanang lan si wadon,

وَاَنَّهٗ خَلَقَ الزَّوْجَيْنِ الذَّكَرَ وَالْاُنْثٰى ﴿٤٥﴾

b. 1356A 46 Saka wijining urip[b] samangsané wus pinasthi;[2385]

مِنْ نُّطْفَةٍ اِذَا تُمْنٰى ﴿٤٦﴾

47 Lan, yèn (tumindaké) tumuwuh kang kaping pindho atas Panjenengané;

وَاَنَّ عَلَيْهِ النَّشْاَةَ الْاُخْرٰى ﴿٤٧﴾

48 Lan, yèn Panjenengané iku Kang aparing sugih sarta simpenan;

وَاَنَّهٗ هُوَ اَغْنٰى وَاَقْنٰى ﴿٤٨﴾

49 Lan, yèn Panjenengané iku Pangéraning lintang syi'ra;

وَاَنَّهٗ هُوَ رَبُّ الشِّعْرٰى ﴿٤٩﴾

50 Lan, yèn Panjenengané iku wus anglebur (bangsa) 'Ad kang kuna,

وَاَنَّهٗٓ اَهْلَكَ عَادَا ۨالْاُوْلٰى ﴿٥٠﴾

2385 *Tumnâ*, miturut Rgh *tuqaddar*, jawinipun: *laras kaliyan kawontenan*. Tuwin miturut LL, *manâ* punika ugi sami kaliyan tembung *qadr*.

51 Tuwin Tsamud, lan ora ana sing dingèngèhaké,

وَثَمُودَا۟ فَمَآ أَبْقَىٰ ﴿٥١﴾

52 Apa déné kaumé Nuh biyèn; sayekti dhèwèké iku padha banget anganiaya lan banget amblasar;

وَقَوْمَ نُوحٍ مِّن قَبْلُ ۖ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ هُمْ أَظْلَمَ وَأَطْغَىٰ ﴿٥٢﴾

53 Lan kutha kang rubuh, Panjenengané (kang) angrubuhaké,

وَٱلْمُؤْتَفِكَةَ أَهْوَىٰ ﴿٥٣﴾

54 Iku banjur katutupan apa-apa kang nutupi.

فَغَشَّىٰهَا مَا غَشَّىٰ ﴿٥٤﴾

55 Lah prakara kamurahané Pangéranira kang endi kang arep kopadoni?

فَبِأَىِّ ءَالَآءِ رَبِّكَ تَتَمَارَىٰ ﴿٥٥﴾

56 Iku juru-pépéling panunggalané para juru-pépéling ing biyèn.

هَٰذَا نَذِيرٌ مِّنَ ٱلنُّذُرِ ٱلْأُولَىٰٓ ﴿٥٦﴾

57 Kadadéyan kang cepak wis anyedhaki.[2386]

أَزِفَتِ ٱلْءَازِفَةُ ﴿٥٧﴾

58 Ora ana bisa ambéngkas iku saliyané Allah.

لَيْسَ لَهَا مِن دُونِ ٱللَّهِ كَاشِفَةٌ ﴿٥٨﴾

59 Lah apa sira padha gumun marang wasita iku?

أَفَمِنْ هَٰذَا ٱلْحَدِيثِ تَعْجَبُونَ ﴿٥٩﴾

60 Lan apa sira arep padha angguyu lan ora arep padha nangis?

وَتَضْحَكُونَ وَلَا تَبْكُونَ ﴿٦٠﴾

Ut. *suka-suka, bingung*

61 Kang sarta sira padha *léna*?

وَأَنتُمْ سَٰمِدُونَ ﴿٦١﴾

62 Mulané padha sujuda ing Allah sarta padha laladia (marang Panjenengané).[2387]

فَٱسْجُدُوا۟ لِلَّهِ وَٱعْبُدُوا۟ ۩ ﴿٦٢﴾

2386. Lalampahan ingkang celak, punika leburipun titiyang Quraisy, ambruking panguwaosipun, ingkang ing sapunikanipun dipun pigunakaken kanggé mengsahi Islam.

2387. Punika dhawuh supados tiyang sami sujud, ingkang déning sadaya tiyang Muslimin dipun turut kalayan walaka, samangsa saweg maos Quran utawi mireng dhawuh punika kawaos. Dhawuh ingkang kados makaten punika wonten ing Quran Suci kasebut wonten ing pitung surat malih, gunggung kasebutaken ambal kaping tigawelas. Dhawuh ingkang kasebut wonten ing surat punika, ingkang rumiyin piyambak tumurunipun: sarta nalika surat punika katurunaken, kawaos wonten ing sangajenging tiyang kathah, ingkang campur bawur kawontenanipun, inggih punika wonten ing kalempakanipun para Muslimin tuwin para kafir. Nalika Kanjeng Nabi Suci sujud karana netepi dhawuh

punika, boten namung titiyang Muslimin kémawon ingkang lajeng tumut sujud, nanging dalasan titiyang kafir inggih sami tumut sujud, margi ketaman ing raos sungkem, kajawi namung Umayyah bin Khalf piyambak ingkang boten sujud, nanging piyambakipun punika mendhet krikil ingkang lajeng katèmplèkaken wonten ing bathukipun. Ing pawingkingipun tiyang punika pinejahan tur pejah kafir, makaten kasebut wonten ing hadits; punika mratandhani mengku teges bilih tiyang sanès-sanèsipun sadaya saking sakedhik sami manjing Islam (Bkh).

Lah inggih kawontenan punika ingkang lajeng dipun gothak-gathukaken dados cacriyosan ingkang sok winastan cariyos Kanjeng Nabi 'nalisir' punika: sarta inggih kawontenan wau ingkang lajeng dipun anggé ambuktèkaken leresipun dodongèngan wau. Nangirag dhodhok-sèlèhing prakawis saged kacetha, bilih sujud wau karana andhèrèk dhawuhing Pangéran ingkang dhumawah ing kala punika, *mulané padha sujuda ing Allah*, dados boten sasambetan babar pisan kaliyan bab prakawis manembah brahala. Lalampahan ingkang dipun andharaken ing sadèrèngipun dhawuh wau, inggih punika bab prakawis kaagungan tuwin kaluhuranipun Allah saha leburipun para titiyang duraka, lah andharan wau sanget anggènipun angéngingi manah, ngantos dalasan tiyang kafir pisan lajeng sami sujud. Saged ugi, cariyos bab sujud wau kapireng déning titiyang Muslimin ingkang sami ngungsi wonten ing nagari Habasyah, ingkang lajeng anjalari sawenèh tiyang muhajir ing Habasyah wau wangsul dhateng wismanipun, jalaran gadhah panginten bilih para kafir sampun boten milawani malih dhateng agami Islam.

سُورَةُ الْقَمَرِ مَكِّيَّةٌ (٥٤)

SURAT 54

AL-QAMAR

(*Rembulan*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ruku', 52 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Pancasan badhé dhumawah dhateng ingkang mengsahi Kanjeng Nabi kados anggènipun andhawahi kaumipun Kanjeng Nabi sarta kaum 'Ad.
Ruku' 2. Kaum Tsamud tuwin kaumipun Kanjeng Nabi Luth.
Ruku' 3. Fir'aun sarta para ingkang mengsahi Kanjeng Nabi.

Namanipun lan babipun ingkang kawarsitakaken

Tembung *Rembulan*, ingkang kasebut wonten ing ayat satunggal sarta ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika, punika pralampitanipun panguwaosipun bangsa Arab. Rèhning ingkang kapangandikakaken wonten ing surat punika bab prakawis gumelaring kanyataan bilih pancasan mesthi andhawahi mengsah-mengsahipun para andika nabi, milanipun ingkang dipun karsakaken ing surat punika, inggih ing ayat-ayat ingkang wiwitan, inggih ayat-ayat ingkang wekasan, nyebutaken bab ambruking panguwaosipun titiyang Quraisy. Katranganipun ingkang panjang kula aturi mirsani 2388. Surat ingkang sampun, anyebutaken kaluhuran ingkang badhé dipun gayuh déning Kanjeng Nabi Suci tuwin para sahabatipun setya tuhu; lah surat punika lajeng marsitakaken nasib ingkang ing wasananipun mesthi dipun sandhang déning mengsah tuwin ambrukipun mengsah boten prabéda kaliyan temahan ingkang dipun panggih déning para titiyang ingkang milawani para andika nabi ingkang rumiyin-rumiyin. Ruku' ingkang sapisan, sasampunipun mèmèngeti mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, lajeng nyebutaken Kanjeng Nabi Nuh tuwin kaum 'Ad, déné ruku' ingkang kaping kalih nyebutaken kaum Tsamud tuwin kaumipun Kanjeng Nabi Luth. Ruku' ingkang kaping tiga, sasampunipun nyebutaken kalayan cekak raja Fir'aun tuwin wadyabalanipun, lajeng marsitakaken piweca ingkang cetha bab prang Badr, inggih ingkang badhé ngebrukakaken panguwaosipun titiyang Quraisy tuwin badhé dados sarananipun anjunjung umat ingkang ringkih tuwin kinaniaya.

Titimangsaning tumurunipun

Titimangsa tumurunipun surat punika, boten saged yèn ta langkung akhir kaliyan wekasaning jaman Makkah wiwitan, sarta lepat manawi dipun titimangsani wekdal ingkang langkung akhir malih, dupèh ing ngriku isi dhawuh dhateng Kanjeng Nabi supados *mengkeraken para musyrikin* awit kados déné ingkang sampun naté kula aturaken "nyingkur" tumrapipun ing dalem prakawis punika, punika namung ateges asikep sabar momot dhateng panganiayanipun para musyrik wau, ingkang nalika wiwitaning taun ingkang kaping sakawan sasampunipun Kanjeng Nabi jumeneng utusan terang manawi saya mempeng. Ing wekdal wau ugi para mukmin kapeksa sami pindhah dhateng griyanipun sahabat Arqam manawi nindakaken salat, jalaran para titiyang Quraisy sami ngawisi para mukmin salat katingal ngakathah.

RUKU’ 1

Pancasan badhé dhumawah dhateng ingkang mengsahi Kanjeng Nabi kados andhawahi kaumipun Nabi Nuh sarta kaum ‘Ad

1-2. Sigaring rembulan. 3-8. Titiyang Makkah angemohi Kanjeng Nabi Suci sarta ngalami dinten ingkang rekaos. 9-17. Kaumipun Nabi Nuh kalebur. 18-22. Kaum ‘Ad tinukuping siksa.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Wayahé wis cedhak, rembulané wis sigar.[2388]

اِقْتَرَبَتِ السَّاعَةُ وَانْشَقَّ الْقَمَرُ ۝١

2388. Kathah para sahabat ingkang nyariyosaken kawontenan “wulan sigar” punika nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi Suci. Hadist-hadits ingkang nyariyosaken kawontenan punika kagolong hadits *masyhur* (*misuwur*) (Rz), sarta kaanggep sahih déning para jadhug-jadhugipun Islam ingkang misuwur-misuwur kados déné Bukhari tuwin Muslim. Dados bakuning kawontenan sampun boten saged pinaiben. Namung riri損ikanipun wonten pamanggih ingkang béda-béda. IMsd nerangaken bilih panjenenganipun nyumerapi pucaking Redi Hira’ nyela wonten ing saantawisipun pérangan kalih. I’Ab nyariyosaken bilih salah satunggaling pérangan kalih taksih wonten (taksih katingal) déné satunggalipun sirna (boten katingal) (Kf). Nalika mangsuli pamaiben ingkang mastani bilih kawontenan ingkang nyebal ing pangadatan makaten punika boten saged kalampahan, Rz mendhet pupuntoning pamanggih ing sasampunipun nyaring katranganipun hadits ingkang warni-warni, bilih kawontenan wau sawarni grahana rembulan, tuwin ngatingalipun sawenèh barang ingkang wujudipun kados sapalihing rembulan wonten ing langit (Rz). Nanging wawaton-wawaton (para ngulami utawi kitab-kitab) ingkang saé piyambak sami sarujuk, bilih sampun boten wonten sabab malih ingkang murugaken semang-semang, dhateng katemenanipun hadits wau, sarta inggih kawontenan wau ingkang kasebutaken ing ngriki punika. Ing babading mu’jizat (pangéram-éram) sadaya, ngemungaken punika kémawon mu’jizat ingkang wonten cathetanipun ingkang kadamel nalika jaman kalampahanipun. Dados nadyan ing antawisipun mu’jizat-mu’jizatipun Kanjeng Nabi Suci piyambak mu’jizat punika ingkang monjo piyambak.

Nanging inggih wonten mufassir sawatawis ingkang namung sakedhik cacahipun, ingkang anggadhahi pamanggih bilih ayat ingkang saweg karembag punika wigatos mangandikakaken bab sigaripun rembulan bénjing samangsa sampun celak kaliyan dinten pancasan (dinten kiyamat). Malih ugi wonten ingkang anggadhahi panyuraos bilih انشق القمر punika mengku teges ظهر الامر jawinipun: *prakara dadi pratéla*. Déné sababipun mila mengku teges makaten wau, jalaran bangsa Arab punika sok nyanépakaken prakawis ingkang sampun cetha pratéla punika kados déné *rembulan*, boten prabéda lan wanci gagat bangun winastan *alaq*, ingkang wantahipun ateges *mlethèk*, *mlekah*, utawi *bengkah* (Ah). Rgh nerangaken wonten ing bab tembung *syaqq* tetembungan wau mengku salah satunggaling teges warni tiga: “sapisan sigaripun rembulan nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi Suci; kaping kalih sigaring rembulan samangsa sampun andungkap dinten kiyamat; kaping tiga ateges cetha pratélanipun prakawis.”

Paiben ingkang adhadhasar kawruh sapunika dhateng wontenipun kawontenan ingkang kados makaten wau, saged kasirnakakaken cekap kalayan katerangan ingkang cekak saged ugi punika sawarni grahana rembulan, rembulan katingal kados sigar dados kalih, ingkang sapérangan lastantun sumunar, pérangan satunggalipun surem cahyanipun; lah inggih makaten punika tegesipun, ”ingkang satunggal sirna satunggalipun taksih tetep wonten” punika. Utawi saged ugi ing rembulan wonten oreg-oregan utawi inggih saged ugi wonten kawontenan sanès ingkang mrojol ing pangadatan dumados. Prayogi dipun pèngeti, bilih dunungipun kakiyatanipun tandhayekti punika, déné kalampahanipun punika trep

Ut. *anggigi-risi*	2 Lan manawa dhèwèké padha andeleng tandha, banjur padha maléngos karo calathu: Kemayan kang *ora lestari*.[2389]	وَإِن يَرَوْا آيَةً يُعْرِضُوا وَيَقُولُوا سِحْرٌ مُّسْتَمِرٌّ ﴿٢﴾
Ut. *masthi tumeka wekasané*	3 Lan padha maido (marang aku), apa déné padha manut hawa-nafsuné lan sarupaning prakara iku *wus tinamtu*.[2390]	وَكَذَّبُوا وَاتَّبَعُوا أَهْوَاءَهُمْ وَكُلُّ أَمْرٍ مُّسْتَقِرٌّ ﴿٣﴾
	4 Lan sayekti wis ana carita-carita kang wus tumeka marang dhèwèké, kang masthiné bisa menggak dhèwèké.[2391]	وَلَقَدْ جَاءَهُم مِّنَ الْأَنبَاءِ مَا فِيهِ مُزْدَجَرٌ ﴿٤﴾
Ut. *juru pépéling*	5 Kawicaksanan kang sampurna – ananging *pépéling* wus tanpa guna.	حِكْمَةٌ بَالِغَةٌ فَمَا تُغْنِ النُّذُرُ ﴿٥﴾
Ar. *barang*	6 Mulané méngoa saka dhèwèké ing dinané juru-anguwuh anguwuh marang sawijining *pakaryan* kang abot.	فَتَوَلَّ عَنْهُمْ يَوْمَ يَدْعُ الدَّاعِ إِلَىٰ شَيْءٍ نُّكُرٍ ﴿٦﴾
	7 Mripaté padha andhingkluk, padha metu saka ing kubur, kaya walang pating slebar.	خُشَّعًا أَبْصَارُهُمْ يَخْرُجُونَ مِنَ الْأَجْدَاثِ كَأَنَّهُمْ جَرَادٌ مُّنتَشِرٌ ﴿٧﴾

wonten ing wekdal ingkang dipun wecakaken déning Kanjeng Nabi Suci, dados boten kok dupèh kawontenan wau asifat mrojol ing pangadatan.

Rembulan sigar byak, nadyan kados punapa kémawon kawujudanipun, punika ateges oncating panguwaosipun titiyang Makkah. Rembulan punika dados pasemonipun bangsa Arab. Safiyyah ingkang ing pawingkingipun kagarwa ing Kanjeng Nabi naté supena bilih panjenenganipun angsal rembulan wonten ing pangkonipun; supena wau dipun werdèni ateges panjenenganipun badhé kagarwa déning ratuning bangsa Arab. Dados rembulan makaten anggambaraken panguwaosipun titiyang musyrik Arab, déné dados kalih punika ateges oncatipun panguwaos wau lantaran Kanjeng Nabi.

2389. Ingkang sami dipun kajengaken *kemayan kang ora lestari*, punika badhé anedahaken bilih punika namung sulapan blaka, sanès kawontenan ingkang wonten saèstu. Nanging tembung ingkang kula jarwani ora lestari punika ugi saged ateges kados déné ingkang kasebutaken ing margin.

2390. Miturut Qatadah, mengku suraos: *sapa kang pantes olèh kabecikan mesthi bakal tampa kabecikan, lan sapa kang pantes olèh ala iya bakal tampa ala*. Utawi mengku suraos: *Yakti bakal jumeneng, lan dadi cetha pratéla, lan panggorohan bakal sirna* (Ah). Menggah ing sajatos-jatosipun dhawuh punika sampun terang gamblang suraosipun, boten perlu katrangan malih. Ingkang kadhawuhaken badhé dipun rampungi, punika bab prakawis siksanipun para ingkang sami angemohi. Utawi, manawi nganggé teges ingkang kasebutaken ing margin, mengku suraos bilih panguwaosing para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci mesthi badhé telas.

2391. Nasib ingkang dipun sandhang déning para titiyang ing jaman kina, ingkang cacriyosanipun kawaos, mesthinipun lajeng dados panyegah tumrap para tiyang Makkah sampun ngantos sami nulad lampahipun titiyang ing kina wau.

8 Padha agagancangan marani juru-anguwuh. Para kafir bakal angucap: Iki dina kang rekasa.[2392]

مُّهْطِعِينَ إِلَى الدَّاعِ ۖ يَقُولُ الْكَافِرُونَ هَٰذَا يَوْمٌ عَسِرٌ ⑧

9 Ing sadurungé dhèwèké, kaumé Nuh anggorohaké, mulané dhèwèké padha anggorohaké kawula-Ningsun sarta ngarani owah, tuwin *anundhung dhèwèké.*

Ut. *mamalangi kalawan tembung kang kasar*

كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ فَكَذَّبُوا عَبْدَنَا وَقَالُوا مَجْنُونٌ وَازْدُجِرَ ⑨

10 Mulané dhèwèké anguwuh Pangérané: Kawula kalindhih, mila mugi Tuwan aparing pitulung.

فَدَعَا رَبَّهُ أَنِّي مَغْلُوبٌ فَانتَصِرْ ⑩

11 Ingsun banjur ambukakaké lawang-lawanging mendhung, kalawan banyuné gumrojog,

فَفَتَحْنَا أَبْوَابَ السَّمَاءِ بِمَاءٍ مُّنْهَمِرٍ ⑪

12 Lan Ingsun angilèkaké banyuning sumber-sumberan ing bumi satemah banyuné kumpul, miturut tatanan kang wus pinasthi.

وَفَجَّرْنَا الْأَرْضَ عُيُونًا فَالْتَقَى الْمَاءُ عَلَىٰ أَمْرٍ قَدْ قُدِرَ ⑫

13 Lan dhèwèké Ingsun emotaké marang barang kang babakalé blabag lan pantèk.

وَحَمَلْنَاهُ عَلَىٰ ذَاتِ أَلْوَاحٍ وَدُسُرٍ ⑬

14 Lumancar ana ing ngarsa-Ningsun, pituwas tumrap wong-wong kang tinulak.

تَجْرِي بِأَعْيُنِنَا جَزَاءً لِّمَن كَانَ كُفِرَ ⑭

15 Lan sayekti iku Ingsun tinggal supaya dadia tandha, ananging apa ana wong sing gelem ngalap éling?[2393]

وَلَقَد تَّرَكْنَاهَا آيَةً فَهَلْ مِن مُّدَّكِرٍ ⑮

2392. Para mufassirin sami nyuraos ayat-ayat punika sadaya nerangaken lalampahan ing gesang sasampuning pejah. Nanging manawi punika kacundhukaken kaliyan nasibipun umat sanès-sanèsipun ingkang cacriyosanipun sampun kaandharaken minangka kanggé tuladha anedahaken kalayan terang bilih siksa ing gesang sapunika ugi kawengku wonten ing ngriki. *Dino kang rekasa* andhawahi mengsah-mengsahipun para andika Nabi ing gesang sapunika punika. Déné akhirar namung angéglakaken sadaya wau kalayan kawujudan ingkang langkung awewèntèhan, milanipun inggih langkung anggigirisi. "Juru-anguwuh" punika Kanjeng Nabi, inggih punika ingkang anguwuh piyambakipun kaajak dhateng yakti, déné kubur-kubur punika saged ateges griya-griyanipun, awit piyambakipun punika sami tiyang pejah ruhaniyahipun.

2393. Nasib ingkang kasandhang déning umatipun Kanjeng Nabi Nuh, punika dados tandhayekti tumrap para ingkang sami angemohi ing Kanjeng Nabi Suci. Kula aturi mirsani 51: 37-46, ing ngriku kapangandikakaken bilih wonten tilaran tandhayekti saking umatipun Kanjeng Nabi Nuh, saking

16 Lah kaya apa (gedhéné) siksa-Ningsun lan pépéling-Ingsun!

فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ﴿١٦﴾

17 Lan sayekti temen Ingsun wus anggampangaké Quran minangka pépéling, lah apa ana sing gelem angalap éling.

وَلَقَدْ يَسَّرْنَا الْقُرْآنَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِنْ مُدَّكِرٍ ﴿١٧﴾

18 Kaum ‘Ad anggorohaké (kasunyatan); lah kaya apa (gedhéné) siksa-Ningsun lan pépéling-Ingsun.

كَذَّبَتْ عَادٌ فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ﴿١٨﴾

Ut. *angin atis kaliwat*

19 Sayekti, Ingsun angutus *sindhung riwut mangenturan* anempuh dhèwèké ing dinané kacilakan gedhé.

إِنَّا أَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ رِيحًا صَرْصَرًا فِي يَوْمِ نَحْسٍ مُسْتَمِرٍّ ﴿١٩﴾

20 Ambuncang para manusa prasasat wit kurma kang rungkad.

تَنْزِعُ النَّاسَ كَأَنَّهُمْ أَعْجَازُ نَخْلٍ مُنْقَعِرٍ ﴿٢٠﴾

21 Lah kaya apa (gedhéné) siksa-Ningsun lan pépéling-Ingsun!

فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ﴿٢١﴾

22 Lan sayekti, temen Ingsun wus anggampangaké Quran minangka pépéling, lah apa ana kang gelem angalap éling?

وَلَقَدْ يَسَّرْنَا الْقُرْآنَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِنْ مُدَّكِرٍ ﴿٢٢﴾

RUKU’ 2

Kaum Tsamud lan kaum Luth

23-32. Kaum Tsamud kalebur. 33-40. Kaum Luth kalebur.

23 Kaum Tsamud angemohi pépéling.

كَذَّبَتْ ثَمُودُ بِالنُّذُرِ ﴿٢٣﴾

24 Lan padha calathu: Apa wong siji, golongané kéné dhéwé! apa kéné iki dikon manut dhèwèké? Tenèh kéné iki mesthi bakal kesasar sarta cilaka.

فَقَالُوا أَبَشَرًا مِنَّا وَاحِدًا نَتَّبِعُهُ إِنَّا إِذًا لَفِي ضَلَالٍ وَسُعُرٍ ﴿٢٤﴾

---

mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Musa, saking kaum ’Ad tuwin saking kaum Tsamud. Dhawuh pandangon: “lah apa ana wong kang gelem ngalap èling” punika angiyataken pupuntoning pamanggih makaten punika awit para titiyang Arab nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi Suci boten angsal tilaran blabag tilas baitanipun Kanjeng Nabi Nuh supados nganggé tandhayekti.

25 Apa pépéling iku diturunaké marang dhèwèké, wong golongané kéné dhéwé? O, dhèwèké iku wong goroh sing kumalungkung.	ءَأُلْقِيَ الذِّكْرُ عَلَيْهِ مِنْ بَيْنِنَا بَلْ هُوَ كَذَّابٌ أَشِرٌ ﴿٢٥﴾
26 Sésuk dhèwèké bakal padha weruh, sapa sing wong goroh sing kumalungkung.	سَيَعْلَمُونَ غَدًا مَّنِ الْكَذَّابُ الْأَشِرُ ﴿٢٦﴾
27 Sayekti, Ingsun angirimaké unta wadon, minangka coba tumrap dhèwèké; mulané dhèwèké awasna lan disabar.	إِنَّا مُرْسِلُوا النَّاقَةِ فِتْنَةً لَّهُمْ فَارْتَقِبْهُمْ وَاصْطَبِرْ ﴿٢٧﴾
28 Lan dhèwèké padha wartanana, yèn banyuné diedum ing antarané awaké; siji-sijining panduman banyu bakal ditekani.[2394]	وَنَبِّئْهُمْ أَنَّ الْمَاءَ قِسْمَةٌ بَيْنَهُمْ كُلُّ شِرْبٍ مُّحْتَضَرٌ ﴿٢٨﴾
29 Ananging dhèwèké padha angundang sawiji kancané, banjur iki anjupuk pedhang, ambelèh (unta iku).	فَكَيْفَ كَانَ عَذَابِي وَنُذُرِ ﴿٣٠﴾
30 Lah kaya apa (gedhéné) siksa-Ningsun lan pépéling-Ingsun!	فَنَادَوْا صَاحِبَهُمْ فَتَعَاطَىٰ فَعَقَرَ ﴿٢٩﴾
31 Sayekti, Ingsun wus angirimaké petak sapisan marang dhèwèké, tumuli dhèwèké padha dadi kaya ripik garing kang diklumpukaké wong gawé pager.[2395]	إِنَّا أَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ صَيْحَةً وَاحِدَةً فَكَانُوا كَهَشِيمِ الْمُحْتَظِرِ ﴿٣١﴾

2394. Ing ngriki kadhawuhaken toyanipun ingandikakaken ambagé ing antawisipun para titiyang wau, inggih punika *ing antawisipun umat wau piyambak*, kados ingkang kacetha ing tembung *bainahum*, dados boten kok ingandikakaken ambagé antawisipun umat kalayan unta-èstri. Wekasaning pratélan كل شرب محتضر ateges "bilih saben panduman banyu kudu ditekani" déning unta-*èstri*, terangipun dupèh toya sampun kabagé-bagé, unta-èstri boten kasukanan toya punika boten kénging. Dados dhawuh punika boten anedahaken bilih unta-èstri angsal panduman sadinten muput miyambaki, titiyang kathah boten kénging tumut ngombé, punika boten. Wondéné tegesipun ingkang sajatos, nadyan sampun kabagé ing antawisipun umat wau piyambak, éwadéné sampun ngantos unta-èstri wau nandhang rekaos margi saking kasatan, kosokwangsulipun, rèhning unta-èstri wau sato, milanipun piyambakipun kedah angsal kamardikan manawi badhé ngombé toya ing sawanci-wanci, samangsa toya pinuju kaedum. Kula aturi mirsani ugi 1821.

2395. Siksa ingkang andhawahi kaum Tsamud punika tarkadhang sok kasebut *radifah*, jawinipun *lindhu* (7: 78), tarkadhang kasebut *shâ'iqah* inggih punika *siksa ingkang nglebur* (41: 13; 51: 44),

وَلَقَدْ يَسَّرْنَا الْقُرْاٰنَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِنْ مُّدَّكِرٍ ٣٢

32 Lan sayekti, temen Ingsun wus anggampangaké Quran minangka pépéling, lah apa ana kang gelem angalap éling.

كَذَّبَتْ قَوْمُ لُوْطٍ بِالنُّذُرِ ٣٣

33 Kaumé Luth anggorohaké pépéling.

اِنَّآ اَرْسَلْنَا عَلَيْهِمْ حَاصِبًا اِلَّآ اٰلَ لُوْطٍ ۗ نَجَّيْنٰهُمْ بِسَحَرٍ ۙ ٣٤

34 Sayekti, Ingsun wus utusan udan watu anibani dhèwèké,[2396] kajaba pandhèrèké Luth iku, Ingsun slametaké ing wayah ngarepaké gagat-bangun.

نِّعْمَةً مِّنْ عِنْدِنَا ۗ كَذٰلِكَ نَجْزِيْ مَنْ شَكَرَ ٣٥

35 Nugraha saka ngarsa-Ningsun; kaya mangkono anggon-Ingsun males wong kang syukur.

وَلَقَدْ اَنْذَرَهُمْ بَطْشَتَنَا فَتَمَارَوْا بِالنُّذُرِ ٣٦

36 Lan sayekti *Luth* wus apépéling marang dhèwèké prakara pidana-Ningsun kang anggigirisi, ananging padha amekengkeng anggoné madoni pépéling mau.

وَلَقَدْ رَاوَدُوْهُ عَنْ ضَيْفِهٖ فَطَمَسْنَآ اَعْيُنَهُمْ فَذُوْقُوْا عَذَابِيْ وَنُذُرِ ٣٧

37 Lan sayekti dhèwèké padha ambudidaya angénggokaké *Luth* saka dhayohé, ananging padha Ingsun picakaké mripaté; mulané padha rasakna siksa-Ningsun lan pépéling-Ingsun.[2397]

---

tarkadhang kasebut *shaihah* kados déné ing ngriki punika, inggih punika *petak*, utawi *suwanten gumuruh sadèrèngipun wonten lindhu*, tuwin tarkadhang kasebut *thâgiyah* (60: 5), ingkang tegesipun sami kaliyan *sha'iqah*. Nanging nitik katerangan ingkang kasebutaken wonten ing ngriki punika, makaten ugi ing 27: 52 anedahaken bilih siksa wau awujud lindhu ageng ingkang nglebur tiyang miwah griya-griyanipun. *Muhtadzir* punika tiyang ingkang damel *hadzîrah*, ingkang ateges *pager ingkang kadamel saking bangsaning deling garing tuwin sapanunggilanipun, kanggé mageri tuwin ngreksa ménda utawi unta sapanunggilanipun* (LL). *Hasyîm* tegesipun cuwilan kajeng garing. Katrangan punika ugi anedahaken bilih umat wau kalebur sarana lindhu.

2396. *Hâsib* punika tegesipun *ingkang nyawataken* utawi *ambalangaken séla* (TA-LL). Punika tegesipun ingkang sakawit. Milanipun lajeng ateges *prahara jawah krikil*. Rèhning dhawuh sanès ingkang anjalèntrèhaken siksa wau anedahaken manawi punika panyeblugipun redi latu, milanipun tembung wau lajeng kula tegesi kémawon *udan watu*, awit séla campur awu andhawahi piyambakipun sahéngga jawah.

2397. Piyambakipun sami rékadaya nyegah panjenenganipun tampi tamu wonten ing dalemipun, nanging boten sami sumerep marginipun kados pundi.

38 Lan sayekti, siksa kang awèt wus anibani dhèwèké ing wayah bangun ésuk.

وَلَقَدْ صَبَّحَهُم بُكْرَةً عَذَابٌ مُّسْتَقِرٌّ ﴿٣٨﴾

39 Lah padha rasakna siksa-Ningsun lan pépéling-Ingsun.

فَذُوقُوا عَذَابِي وَنُذُرِ ﴿٣٩﴾

40 Lan sayekti, temen Ingsun wus anggampangaké Quran minangka pépéling, lah apa ana kang gelem angalap éling?

وَلَقَدْ يَسَّرْنَا الْقُرْآنَ لِلذِّكْرِ فَهَلْ مِن مُّدَّكِرٍ ﴿٤٠﴾

RUKU' 3

Fir'aun sarta para ingkang mengsahi Kanjeng Nabi

41-42. Kaumipun Fir'aun dipun dawahi patrapan. 45-53. Wadyabala kafir ing Makkah lebur tumpur. 54-55. Para tulus badhé dipun mulyakaken.

41 Lan sayekti, pépéling iku wus anekani kaumé Fir'aun.

وَلَقَدْ جَاءَ آلَ فِرْعَوْنَ النُّذُرُ ﴿٤١﴾

42 Iku padha angemohi timbalan-timbalan-Ingsun kabèh, mulané padha Ingsun patrapi sacarané kang-Kinawasa, kang-Winenang.[2398]

كَذَّبُوا بِآيَاتِنَا كُلِّهَا فَأَخَذْنَاهُمْ أَخْذَ عَزِيزٍ مُّقْتَدِرٍ ﴿٤٢﴾

43 Apa para wong kafirira iku luwih becik tinimbang iki, apa sira iku ana ing dalem kitab-kitab padha éntuk kabébasan?

أَكُفَّارُكُمْ خَيْرٌ مِّنْ أُولَٰئِكُمْ أَمْ لَكُم بَرَاءَةٌ فِي الزُّبُرِ ﴿٤٣﴾

44 Apa arep padha ngucap: Aku iki kabèh wadyabala sakuthu kang tulung-tinulung?

أَمْ يَقُولُونَ نَحْنُ جَمِيعٌ مُّنتَصِرٌ ﴿٤٤﴾

Ar. *ambalik gegeré*

45 Énggal padha keplayu wadyabala iku sarta *ora tolih wuri.*[2399]

سَيُهْزَمُ الْجَمْعُ وَيُوَلُّونَ الدُّبُرَ ﴿٤٥﴾

2398. *Akhdh* (lingganing tembung) punika tegesipun *lampah* utawi *caraning gesang* (LA, Q-LL).

2399. Satunggaling lalampahan nalika perang Badr, ingkang kaandharaken déning imam Bukhari nalika nafsiri ayat punika, mratandhani bilih Kanjeng Nabi tuwin para sahabatipun uninga dhateng piweca-piweca ingkang terang gamblang makaten punika, inggih punika ingkang mecakaken kawonipun titiyang Quraisy. Dipun riwayataken déning Ibnu 'Abbas bilih nalika perang Badr, Kanjeng Nabi nyunyuwun dhateng Pangéran wonten salebeting pakuwonipun: "Dhuh Pangéran kawula! Kawula nyuwun ing Tuwan miturut janji Tuwan tuwin pangebang-ebang Tuwan; dhuh Pangéran kawula! Manawi sampun dados kaparenging karsa Paduka, Paduka boten dipun sembah ing sapengkeripun dinten sapunika." Bagéndha Abu Bakar nyandhak astanipun Kanjeng Nabi sarwi matur: "Dhuh Rasulullah.

46 O, wayahé iku wayah kang jinanjèkaké marang dhèwèké, sarta wayahé iku bakal banget anggigirisi lan banget pait.[2400]

بَلِ السَّاعَةُ مَوْعِدُهُمْ وَالسَّاعَةُ أَدْهَىٰ وَأَمَرُّ ﴿٤٦﴾

47 Sayekti para wong dosa iku padha dumunung ing sasar lan sangsara.

إِنَّ الْمُجْرِمِينَ فِي ضَلَالٍ وَسُعُرٍ ﴿٤٧﴾

48 Ing dinané samangsané dhèwèké linarak rainé diungsep-ungsepaké ing geni; padha rasakna panggrayanging naraka.[2401]

يَوْمَ يُسْحَبُونَ فِي النَّارِ عَلَىٰ وُجُوهِهِمْ ذُوقُوا مَسَّ سَقَرَ ﴿٤٨﴾

49 Sayekti, samubarang iku anggon-Ingsun anitahaké kalawan nganggo takeran.[2402]

إِنَّا كُلَّ شَيْءٍ خَلَقْنَاهُ بِقَدَرٍ ﴿٤٩﴾

50 Lan paréntah-Ingsun iku mung sawiji, kaya sakedhèping nétra.

وَمَا أَمْرُنَا إِلَّا وَاحِدَةٌ كَلَمْحٍ بِالْبَصَرِ ﴿٥٠﴾

51 Lan sayekti, temen Ingsun wus anglebur papadhanira, ananging apa ana kang gelem angalap éling?

وَلَقَدْ أَهْلَكْنَا أَشْيَاعَكُمْ فَهَلْ مِنْ مُدَّكِرٍ ﴿٥١﴾

52 Lan samubarang kang wis padha dilakoni iku ana ing sajroning kitab-kitab.

وَكُلُّ شَيْءٍ فَعَلُوهُ فِي الزُّبُرِ ﴿٥٢﴾

Gusti Allah sampun anyekapi ing panjenengan." Kanjeng Nabi lajeng medal sarwi maos: "wadyabala énggal bakal kapracondhang, lan dhèwèké bakal padha nginger gegeré; balik sa'at iku titining mangsané lan sa'at iku mesthi luwih déning anusahaké lan luwih déning pait."

2400. Kula aturi mirsani tafsir (katrangan) ingkang sampun, ingkang anerangaken bilih Kanjeng Nabi anggènipun nyuraosi sa'at punika *sa'at* utawi *titining mangsa kocar-kaciripun titiyang Quraisy* sarta prang Badr punika kaanggé anjangkepi wahananing piweca punika.

2401. Ayat-ayat punika sadaya amecakaken kawontenan-kawontenan ingkang kalampahan wonten ing Badr. Titiyang Quraisy ingkang sami tiwas wonten ing Badr sami dipun glandhang dhateng jugangan calon kuburanipun, punika kapangandikakaken *linarak raine diungseb-ungsebaké ing geni*. Ing kala punika dipun riwayataken Kanjeng Nabi Suci mangandikani para titiyang wau makaten: "sayekti aku kabèh wis padha nyipati kanyataané barang kang dijanjèkaké marang aku kabèh déning Pangéran: apa kowé kabèh ya wis padha nyipati kanyataané barang kang wus dijanjèkaké déning Pangéran marang kowé kabèh?" (Ibnu Hisyam). Ing ngriki siksanipun gesang sapunika punika kasebut panggrayanging naraka.

2402. Milanipun dalasan bangsa-bangsa tuwin umat, inggih boten saged langkah saking wates ingkang tartamtu.

53 Lan sarupané kang cilik lan kang gedhé iku wis katulis.

وَكُلُّ صَغِيرٍ وَكَبِيرٍ مُسْتَطَرٌ ﴿٥٣﴾

54 Sayekti, para wong tulus iku bakal padha ana ing patamanan lan *mubra-mubru*,[2403]

إِنَّ الْمُتَّقِينَ فِي جَنَّاتٍ وَنَهَرٍ ﴿٥٤﴾

55 Ing palungguhan kasunyatan, ing ngarsaning Ratu kang Kinawasa.

فِي مَقْعَدِ صِدْقٍ عِنْدَ مَلِيكٍ مُقْتَدِرٍ ﴿٥٥﴾

2403. Minangka tatandhinganipun sangsara ingkang kasandhang déning titiyang Quraisy, para angèstu sami dipun paringi janji, bilih boten namung badhé saged nguwaosi mengsah-n.engsahipun kémawon, nanging ugi nguwaosi nagari sanès-sanèsipun ingkang kebak taman kalayan lèpèn-lèpènipun ingkang mili wonten ing ngriku.

آياتها ٧٨ (٥٥) سُورَةُ الرَّحْمٰنِ مَكِّيَّةٌ ركوعاتها ٣

SURAT 55

AR-RAHMÂN

(*Ingkang-Mahamurah*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ruku', 78 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Mahamurahipun Pangéran.
Ruku' 2. Pancasan ingkang dhumawah dhateng titiyang dosa.
Ruku' 3. Ganjaranipun tiyang tulus.

Namanipun

Namanipun surat punika mirid saking asmaning Pangéran, *Ar-Rahmân*, *Ingkang-Mahamurah*, ingkang kasebut wonten ing wiwitaning dhawuh. Sagemblenging surat mangandikakaken mahamurahipun Allah, sarwi ngambal-ambali dhawuh ingkang mungel *lah kamurahané Pangéranira kang endi kang sira paido?*

Ingkang kawarsitakaken

Wiwitaning surat mratélakaken bilih nurunaken Quran dhateng Kanjeng Nabi Suci punika tindak mahamurahipun Pangéran. Sasampunipun lajeng wiwit mangandikakaken sarana-sarana ingkang katitahaken Allah kanggé nyekapi kabetahanipun wadhag para manusa, wigatos anerangaken bilih Dhat ingkang maringi sadhiyan ingkang sampurnanipun tumrap karahayonipun wadhag para manusa, mesthi botenipun teka nglirwakaken kabetahanipun ruhani; salajengipun lajeng amijang-mijang sawenèh paparingipun Pangéran. Ruku' ingkang kaping kalih mangandikakaken pancasan ingkang badhé andhawahi tiyang ingkang dosa margi saking anggènipun sami ambeguguk angemohi nugraha ingkang sampun kasadhiyakaken déning Pangèran Ingkang-Mahamurah tumrap piyambakipun. Ingkang kaping tiga marsitakaken ganjaran ingkang badhé kaparingaken kalayan lumintu dhateng para angèstu ingkang sami purun ngalap piguna dhateng paparing-paparing wau. Dados dhawuh punika anerangaken: manawi para angèstu dipun ganjar utawi para tiyang dosa dipun paringi pidana, kados déné ingkang katerangaken wonten ing surat kakalih ingkang sampun, punika boten teka margi Pangéran punika boten adil aliyas pilih-sih, utawi margi benduning Pangéran punika langkung menang katimbang lan mahamurah-Ipun tumrap ing sawenèh prakawis, nanging margi para titiyang wau piyambak sami angemohi paparingipun Pangéran Ingkang-Mahamurah, dados namanipun nemaha angsal pidana.

Déné bab prakawis titimangsaning tumurunipun, boten prabéda lan surat sanès-sanèsipun tumrap golongan punika, saged-sagedipun namung kagolong ing jaman Makkah wiwitan.

____

RUKU’ 1

Mahamurahipun Pangéran

1-4. Wewedhar (wahyu) punika miyos saking Mahamurahipun Pangéran. 5-9. Tatakeripun sadaya barang. 10-25. Anggènipun anitahaken sarta anggènipun angopèni samukawis punika miyos saking Mahamurah-Ipun.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Allah Ingkang-Mahamurah,

اَلرَّحْمٰنُ ۙ ١

2 Amulangaké Quran.[2404]

عَلَّمَ الْقُرْاٰنَ ۗ ٢

Ut. *Manusa*

3 Panjenengané anitahaké *manusa*.[2405]

خَلَقَ الْاِنْسَانَ ۙ ٣

Ut. *barang kang bisa gawé terangé samubarang*

4 Amulang dhèwèké *carané anyethakaké.*

عَلَّمَهُ الْبَيَانَ ٤

5 Srengéngé lan rembulan iku miturut pétungan.

اَلشَّمْسُ وَالْقَمَرُ بِحُسْبَانٍ ۙ ٥

6 Thuthukulan lan kakayon padha sumujud (marang Panjenengané).[2406]

وَّالنَّجْمُ وَالشَّجَرُ يَسْجُدٰنِ ٦

7 Lan langit, Panjenengané andhuwuraké iku sarta adamel ukurané.[2407]

وَالسَّمَآءَ رَفَعَهَا وَوَضَعَ الْمِيْزَانَ ۙ ٧

2404. *Ar-Rahmân* punika Pangéran Ingkang-Mahamurah, ingkang anitahaken barang-barang kanggé rejekinipun manusa ing sadèrèngipun manusa katitahaken. Manusa boten makarya ngawontenaken barang-barang wau. Lah ing ngriki kapangandikakaken bilih inggih Pangéran Ingkang-Mahamurah wau ingkang mulang Quran, ingkang dados kabetahaning gesangipun ruhaniyah para manusa. Kanjeng Nabi boten damel Quran wau saking pambudidayanipun piyambak, wangsul punika asli paparingipun Pangéran kanggé rejeki ruhani tumrap para manusa, boten prabéda lan paparing ingkang kanggé rejekining wadhag ingkang atanpa wilangan punika.

2405. *Al-insân* kula jarwani *manusa* kalayan mengku teges umum, mila tembung *al-bayân* inggih lajeng kula tegesi *carané anyethakaké*, awit inggih margi saking saged gineman punika mila manusa langkung luhur katimbang sato sanès-sanèsipun. Nanging kathah mufassir ingkang merdéni *al-insân* punika ateges *manusa kang sampurna*, inggih punika Kanjeng Nabi, awit *al-bayân* ingkang jawinipun *kang bisa agawé terangé samubarang* (LL) punika wonten ing 3: 137 kagem anjuluki Quran suci.

2406. Ayat punika tuwin ayat sadèrèngipun, anepangaken kados pundi dumadosipun sadaya barang; wiwit titah ingkang adhapur bunder kepleng ingkang ageng-ageng ing langit ngantos dumugi tanem-tuwuh ingkang alit-alit ingkang sami thukul wonten ing siti, sami ambangun turut dhateng angger-angger satunggal; manawi makaten, punapa angger-angger ingkang kanggé nyampurnakaken ruhaniyahipun manusa boten kabetahaken?

2407. Ing Quran suci tembung *mîzân* punika boten ateges traju pirantos kanggé nimbang barang,

8 Supaya sira aja padha mlangkah wawatesing ukurané.

أَلَّا تَطْغَوْا فِي الْمِيزَانِ ﴿٨﴾

9 Lan padha angedegna traju kalawan jejeg sarta aja padha ngurangi ukurané.

وَأَقِيمُوا الْوَزْنَ بِالْقِسْطِ وَلَا تُخْسِرُوا الْمِيزَانَ ﴿٩﴾

10 Lan bumi, Panjenengané adamel iki tumrap titah-titah kang urip;

وَالْأَرْضَ وَضَعَهَا لِلْأَنَامِ ﴿١٠﴾

11 Ing kono ana wowohané sarta ana kurmané kang jangjangané sumimpen ing mancung.

فِيهَا فَاكِهَةٌ وَالنَّخْلُ ذَاتُ الْأَكْمَامِ ﴿١١﴾

12 Sarta gandum mawa mrambut apa déné ganda.

وَالْحَبُّ ذُو الْعَصْفِ وَالرَّيْحَانُ ﴿١٢﴾

13 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?[2408]

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿١٣﴾

---

nanging ateges ukuran, ingkang mengku suraos *pangeram kanggé watoning nandhing, ngreta aji*, utawi *nimbang*. Ing ngriki lan ing panggènan sanès, tembung wau nganggénipun kalayan mengku suraos ingkang momot wau. Bab punika saya katingal cetha manawi nitik dhawuh ing 57: 25, makaten: "temen Ingsun wus angutus para utusan-Ingsun kalawan tandhayekti-tandhayekti cetha sarta anurunaké kitab lan traju (Arabipun *mîzân*) kaampil dhèwèké, supaya manusa padha tumindak kalawan adil." Lah ing dhawuh punika *mîzân* punika mengku suraos *barang ingkang murugaken manusa saged tumindak adil*. Sarta inggih teges punika panyuraosipun para mufassirin ingkang kathah-kathah dhateng tembung punika. Kadosta miturut Mjd, Thabari, tuwin sabagéan kathah para mufassirin, *mîzân* punika ateges '*adl*, jawinipun *adil* (AH), ingkang lajeng dipun gancaraken déning Rz mengku kajeng *nyukani wewengan dhateng tiyang ingkang mesthinipun pantes nampeni*.

2408. Ayat punika kasebutaken marambah-rambah wonten ing surat punika. Tembungipun ingkang asli mawi rimbagan *tatsniyah* (rimbagan nganggé jejer utawi lésan kalih), boten nganggé rimbagan *jama'* (rimbagan nganggé jejer utawi lésan kathah). Kadosta ingkang kajarwanan *Pangérannira*, punika tembungipun asli *rabbikumâ*, wantahipun: *Pangérannira sira wong sakaloron; kang padha sira emohi?* Punika tembungipun asli *tukadhdhiban*, wantahipun *kang sira sakaloron emohi?* Limrahipun rimbag *tatsniyah* punika déning para mufassirin kasuraos walaka, kaanggep pandangon dhateng titah ingkang gadhah akal budi warni kalih, inggih punika *jinn* lan *manusa*. Nanging mangga kula aturi mirsani katerangan ing 2342, ingkang anerangaken tegesipun rimbag *tatsniyah*, ing ngriku katerangaken bilih rimbag *tatsniyah* punika tarkadhang sok dipun pigunakaken déning bangsa Arab kanggé ngiyataken suraos. Tumrap ing ngriki rimbag *tatsniyah* wau ugi mengku maksud makaten punika. Bab punika kathik déné nugraha ingkang kasebutaken wau sami rejeki ingkang dipun betahaken nganggé tedhanipun para manusa, kadosta kurma lan gandum, ingkang boten dipun betahaken déning titah ingkang bangsa alus, kados déné jinn, awit limrahipun kaanggep jinn punika boten ambetahaken tetedhan wau. Awit saking punika dados ingkang katuju ing dhawuh pandangon punika namung manusa thok. Dipun anggepa walaka pisan rimbag *tatsniyah* wau, saged-sagedipun namung mengku suraos: golongan kakalih ingkang katuju ing dhawuh wau para angèstu tuwin para kafir, utawi tiyang ingkang santosa lan tiyang ingkang ringkih, inggih punika gogolongan ingkang asring kasebutaken wonten ing Quran Suci. Golongan angèstu lan golongan kafir kasebutaken mligi wonten ing wekasaning dhawuh ing surat ingkang sampun, mila saged ugi *dlamir*

14 Panjenengané wus anitahaké manusa saka lempung garing kaya déné grabah.

خَلَقَ الْإِنسَانَ مِن صَلْصَالٍ كَالْفَخَّارِ ﴿١٤﴾

15 Sarta anitahaké jin saka urubing geni.[2409]

وَخَلَقَ الْجَانَّ مِن مَّارِجٍ مِّن نَّارٍ ﴿١٥﴾

16 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿١٦﴾

Ar. *wétan loro*
Ar. *kulon loro*

17 Pangéraning *Wétan* lan Pangéraning *Kulon*.[2410]

رَبُّ الْمَشْرِقَيْنِ وَرَبُّ الْمَغْرِبَيْنِ ﴿١٧﴾

18 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿١٨﴾

19 Panjenengané angilèkaké sagara loro (kalawan sakarsa), (satemah) sakaroné gathuk:

مَرَجَ الْبَحْرَيْنِ يَلْتَقِيَانِ ﴿١٩﴾

20 Saantarané sakaroné ana aling-alingé, kang sakaroné ora bisa mlangkah.[2411]

بَيْنَهُمَا بَرْزَخٌ لَّا يَبْغِيَانِ ﴿٢٠﴾

21 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٢١﴾

22 Saka sakaroné metu mutyarané gedhé cilik.

يَخْرُجُ مِنْهُمَا اللُّؤْلُؤُ وَالْمَرْجَانُ ﴿٢٢﴾

23 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٢٣﴾

---

kumâ punika wangsul dhateng golongan kakalih wau. Rèhning ing ayat ingkang sampun-sampun boten nyebutaken jinn, mila boten saged manawi *dlamir* wau kasuraos wangsul dhateng jinn.

2409. Jinn katitahaken saking latu punika ugi kasebutaken wonten ing 7: 12 tuwin 15: 27; ing ngriku nganggé nandhing tumitahipun manusa ingkang saking siti; déné tegesipun sampun katerangaken wonten ing 862 tuwin 1336.

2410. Wétan kakalih tawin kilèn kakalih punika ateges cakrawala panggènan malethèking surya lan seraping surya ing mangsa surya wonten ing poncot lèr tuwin ing poncot kidul.

2411. Saganten kakalih punika kasebutaken wonten ing 25: 53 tuwin 35: 12 saganten ingkang toyanipun tawa tuwin saganten ingkang toyanipun asin. Tafsiripun dhawuh 25: 53 anerangaken punapa maksudipun saganten kakalih wau. Boten prabéda lan ayat 22 ing ngriki dhawuh ing 35: 12 ugi anyebutaken bilih saganten warni kalih wau saged dipun alap ulamipun ingkang taksih seger tuwin papaés-papaésipun: tegesipun, tiyang ingkang migunani badhé tansah thukul saking antawisipun tiyang kalih golongan, tiyang mukminin tuwin tiyang kafir. Manawi dipun tampi walaka, sawenèh mufassir gadhah panyuraos bilih saganten kakalih punika ingkang dipun karsakaken saganten Abrit tuwin saganten Tengah. Saganten kakalih punika ing sakawit pisah, nanging sapunika dipun gathukaken sarana susukan Suwes, sarta ayat punika kaanggep mecakaken gathukipun saganten kakalih wau.

24 Lan kagunganè Panjenenganè prau-prau kang munggul ing sagara kaya gunung iku.[2412]

وَلَهُ الْجَوَارِ الْمُنْشَآتُ فِي الْبَحْرِ كَالْأَعْلَامِ ﴿٢٤﴾

25 Lah kamurahanè Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٢٥﴾

RUKU' 2

Pancasan ingkang dhumawah dhateng titiyang dosa

26-28. Samukawis ingkang wonten ing jagad punika sami kénging ing risak, ingkang boten namung Allah. 29-34. Samukawis punika gumantung sarta tundhuk dhateng Panjenenganipun. 35-45. Titiyang dosa badhé pinidana.

26 Sarupanè kang ana ing kono padha kena ing rusak.[2413]

كُلُّ مَنْ عَلَيْهَا فَانٍ ﴿٢٦﴾

27 Lan bakal langgeng sarirané Pangéranira, Gustining kahagungan lan kamulyan.

وَيَبْقَىٰ وَجْهُ رَبِّكَ ذُو الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ ﴿٢٧﴾

28 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٢٨﴾

29 Sadhéngah kang ana ing langit-langit lan bumi padha nyunyuwun marang Panjenengané; ing sadhéngah wayah Panjenengané iku dumunung ing *kahanan* (minulya).[2414]

Ut. *panggawé*

يَسْأَلُهُ مَنْ فِي السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ كُلَّ يَوْمٍ هُوَ فِي شَأْنٍ ﴿٢٩﴾

30 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٣٠﴾

31 Tumuli Ingsun bakal anjinggleng marang sira, o, wadya papanthan loro.[2415]

سَنَفْرُغُ لَكُمْ أَيُّهَ الثَّقَلَانِ ﴿٣١﴾

2412. Terangipun, panjenenganipun badhé andadosaken para Muslimin nguwaosi saganten tuwin dharatan.

2413. Babad ambuktèkaken, bilih bangsa-bangsa punika nadyan kados punapa kémawon kiyatipun, mesthi mawi nemahi risak lan sirna, punapa malih satunggal-tunggaling tiyang, botena mawi risak lan sirna.

2414. LA nyekak tafsiripun ayat punika makaten: "Sampun dados sifatipun Pangéran anjumenengaken tiyang kinawasa asli saking asor sarta anglorot tiyang ingkang kinawasa, tuwin adamel sugih dhateng tiyang mlarat saha adamel mlarat tiyang ingkang sugih ..."

2415. *Tsaqalân* punika rimbaganipun *tatsniyah tsaql*, tegesipun wantah *barang-barang ingkang kabekta ing satunggaling tiyang kadi déné dados momotan sasangkulanipun* (Ham-LL), lajeng ateges

32 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِاَيِّ اٰلَاۤءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝٣٢

33 É, kalumpukaning jin lan manusa! manawa sira bisa naratas talatahing langit-langit lan bumi, coba, nratasa! ora bakal sira padha bisa naratas, kajaba (yèn) kalawan pangawasa.[2416]

يٰمَعۡشَرَ الۡجِنِّ وَالۡاِنۡسِ اِنِ اسۡتَطَعۡتُمۡ اَنۡ تَنۡفُذُوۡا مِنۡ اَقۡطَارِ السَّمٰوٰتِ وَالۡاَرۡضِ فَانۡفُذُوۡا ؕ لَا تَنۡفُذُوۡنَ اِلَّا بِسُلۡطٰنٍ ۚ ۝٣٣

34 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِاَيِّ اٰلَاۤءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝٣٤

35 Urubing geni sarta kukus bakal diutus anekani sira sakaro, satemah sira ora bakal bisa ambéla dhiri.[2417]

يُرۡسَلُ عَلَيۡكُمَا شُوَاظٌ مِّنۡ نَّارٍ ۙ وَّنُحَاسٌ فَلَا تَنۡتَصِرٰنِ ۚ ۝٣٥

36 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِاَيِّ اٰلَاۤءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝٣٦

a. 2893 37 Lan samangsa langité sigar[a] tumuli dadi abang warnané, kaya kulit kang abang.

فَاِذَا انۡشَقَّتِ السَّمَآءُ فَكَانَتۡ وَرۡدَةً كَالدِّهَانِ ۚ ۝٣٧

38 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِاَيِّ اٰلَاۤءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبٰنِ ۝٣٨

39 Lah ing dina iku manusa ora bakal dinangu prakara dosané, *mangkono uga* jin.

فَيَوۡمَئِذٍ لَّا يُسۡـَٔلُ عَنۡ ذَنۡۢبِهٖۤ اِنۡسٌ وَّلَا جَآنٌّ ۚ ۝٣٩

---

balé-griya tuwin gotrah tuwin golongan utawi batur (LL). Ham nerangaken tetembungan: كل ثقلينا طامع بغنيمة punika ateges *siji-sijiné wadyabala loro iku padha kumecer olèh jarahan* (LL). Wadyabala kakalih ing ngriki, inggih punika para angèstu tuwin para kafir, déné Allah amijèkaken sarira-Nipun dhateng golongan kakalih prakawisipun, murih satunggal-tunggaling golongan angsal ganjaranipun utawi pidananipun. Ham nyuraosi, *bangsa Arab* lan *bangsa ngamonca* (LL), dados saged ugi punika nyasmitani badhé nungkulipun tanah Arab tuwin nagari-nagari ngamonca. Katrangan punika ngiyataken ingkang sampun katerangaken wonten ing 2580, inggih punika tembung *jinn* ing Quran Suci punika sok ateges *bangsa ngamonca.*

2416. Jinn lan manusa ing ayat punika mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Suci ingkang ageng-ageng lan ingkang alit-alit, utawi titiyang ngamonca lan titiyang Arab, kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing katrangan ingkang sampun. Kula aturi mirsani ugi 2593. Para mengsah punika sadaya sami kadhawuhan, bilih tangèh lamun yèn ta sageda sami suminggah saking siksa.

2417. Latu lan kukus katurunaken ing gesang sapunika punika kalayan awujud peperangan ingkang mahanani karisakan dhateng para titiyang wau. Latu punika wonten ing antawisipun bangsa Arab dados pasemoning perang, sanajan tembung kakalih punika langkung mathuk manawi kanggé nyandra peperanganing jaman samangké, ingkang boten sanès wujudipun kajawi latu lan kukus. Miturut Az (TA-LL) sadaya mufassir Quran sami aggadhahi panganggep bilih *nuhas* ing ngriki ateges *kukus*. Kukus punika ugi ateges paceklik awit ing surat 44 punika kasebut *dukhan*.

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٠﴾

40 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

يُعْرَفُ الْمُجْرِمُونَ بِسِيمَاهُمْ فَيُؤْخَذُ بِالنَّوَاصِي وَالْأَقْدَامِ ﴿٤١﴾

41 Para wong dosa abakal kinawruhan saka tetengeré, tumuli dicandhak kukuncungé lan sikilé.

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٢﴾

42 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

هَٰذِهِ جَهَنَّمُ الَّتِي يُكَذِّبُ بِهَا الْمُجْرِمُونَ ﴿٤٣﴾

43 Iki naraka kang dipaido déning para wong dosa.

يَطُوفُونَ بَيْنَهَا وَبَيْنَ حَمِيمٍ آنٍ ﴿٤٤﴾

44 Dhèwèké bakal padha mider-mider ing saantarané (naraka) iku *karo wédang* umob.[2418]

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٥﴾

45 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

RUKU' 3

Ganjaranipun titiyang tulus

وَلِمَنْ خَافَ مَقَامَ رَبِّهِ جَنَّتَانِ ﴿٤٦﴾

46 Lan sapa sing kalawan wedi ngadhep ing ngarsaning Pangérané, bakal olèh patamanan loro.[2419]

2418. Ayat-ayat punika sadaya anggambaraken kasangsaran ingkang badhé dipun sandhang déning para titiyang duraka ing gesang sapunika utawi ing gesang sasampuning pejah.

2419. Taman kakalih ingkang kajanjèkaken dhateng para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Suci ingkang setia punika tanah-tanah ingkang subur, ingkang dipun ilèni toya saking bengawan Furat lan Dajlah (Euphrates lan Tigris). *Taman* kakalih punika kapangandikakaken manawi dados tandha suburipun nagari, kados déné kawontenanipun taman kakalih ing Saba' ing 34: 15 (mirsanana 2030) utawi taman kakalih punika anggambaraken pasitèn kakalih ingkang kailènan ing toyaning bengawan Furat lan bengawan Dajlah ingkang wonten ing ayat 50, kasebut *sumber loro kang mili*. Bengawan kakalih punika, kaliyan bengawanipun nagari Persi ingkang enggel kakalih ingkang kasebutaken ing ayat 66 gunggung bengawan sakawan, punika miturut satunggaling hadist ingkang kasebut wonten ing Sahih Muslim, *bengawanipun al Jannah (suwarga) sekawan*. Bengawan sakawan wau, ateges maringi karampungan ingkang sami mili wonten ing bumi kasebut *anharu-l-jannah*, utawi *bengawaning taman (suwarga)* déning Kanjeng Nabi, punika anedahaken kalayan terang bilih janji-janji bab *al-jannah* ingkang kajanjèkaken dhateng para angèstu punika boten namung kawatesan tumrap ing gesang sasampuning pejah kémawon, nanging janji punika ugi tumrap wonten ing gesang sapunika. Déné hadits wau makaten: عن ابى هريرة قال قال رسول الله صلى الله عليه وسلم سيحان وجيحان والفرات والنيل كل من انهار الجنه kasebut ing Muslim juz 2 Kaca 351, ing bab ما فى الدنيا من انهار الجنه Dados awit saking punika tétéla manawi tanah-tanah ingkang kailènan ing toyanipun bengawan sakawan wau inggih kasebut taman ing ayat punika tuwin ing ayat 62, punika ingkang kajanjèkaken dhateng para Muslimin.

47 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٧﴾

48 Ing kono ana jinisé warna-warna.

ذَوَاتَا أَفْنَانٍ ﴿٤٨﴾

49 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٤٩﴾

50 Ing sajroné sakaroné ana sumberané loro kang padha mili.

فِيهِمَا عَيْنَانِ تَجْرِيَانِ ﴿٥٠﴾

51 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٥١﴾

52 Ing sajroné sakaroné, saben-saben wowohan ana rong pasang,

فِيهِمَا مِنْ كُلِّ فَاكِهَةٍ زَوْجَانِ ﴿٥٢﴾

53 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٥٣﴾

54 Padha aléléyangan ana ing kathil, kang lèmèké sutra sinulam ing benang mas; sarta wowohané ing patamanan loro mau mung saranggèhan.

مُتَّكِئِينَ عَلَىٰ فُرُشٍ بَطَائِنُهَا مِنْ
إِسْتَبْرَقٍ ۚ وَجَنَى الْجَنَّتَيْنِ دَانٍ ﴿٥٤﴾

55 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٥٥﴾

a. 2110 56 Kang bakal ana ing kono, kang mekak pandelengé;[a] ing sadurungé dhèwèké, iku ora ana manusa kang anggepok, mangkono uga jin.

فِيهِنَّ قَاصِرَاتُ الطَّرْفِ لَمْ يَطْمِثْهُنَّ
إِنْسٌ قَبْلَهُمْ وَلَا جَانٌّ ﴿٥٦﴾

57 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?

فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٥٧﴾

58 Wis prasasat mirah lan mutyara.[2420]

كَأَنَّهُنَّ الْيَاقُوتُ وَالْمَرْجَانُ ﴿٥٨﴾

2420. Sajakipun ingkang katerangaken wonten ing ngriki punika para putri dharah luhur ingkang kasémah déning para prawira Muslimin sasampunipun tanah Syam (Siriyah) bedhah. Punika ingkang

59 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٥٩
60 Apa wawalesing kabecikan ana kajabané kabecikan?	هَلْ جَزَاءُ الْإِحْسَانِ إِلَّا الْإِحْسَانُ ۝٦٠
61 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٦١
62 Lan saliyané loro iku ana manèh patamanan loro (liyané).[2421]	وَمِن دُونِهِمَا جَنَّتَانِ ۝٦٢
63 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٦٣
64 Sakaroné remu-remu ireng warnané.[2422]	مُدْهَامَّتَانِ ۝٦٤
65 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٦٥
66 Ing jeroné sakaroné ana sumberané loro kang umbulé sumentor.	فِيهِمَا عَيْنَانِ نَضَّاخَتَانِ ۝٦٦
67 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٦٧
68 Ing jeroné sakaroné ana wowohané lan ana kurmané sarta ana dlimané.	فِيهِمَا فَاكِهَةٌ وَنَخْلٌ وَرُمَّانٌ ۝٦٨
69 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ آلَاءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ۝٦٩

magepokan kaliyan janji ingkang tumrap ing gesang sapunika. Déné bab prakawis nugraha ingkang badhé dipun paringaken dhateng titiyang tulus wonten ing gesang ing bénjing, sampun katerangaken sacekapipun wonten ing panggènan sanès; kula aturi mirsani 2356.

2421. Taman punika tanah ing nagari Pérsi ingkang subur. Makaten punika ingkang magepokan kaliyan janji ingkang tumrap ing gesang sapunika.

2422. Saking katranganipun taman kakalih punika, Bd namtokaken pupuntoning pamanggih, bilih taman kakalih punika ingkang baku badhé ngedalaken wulu wedal jajanganan utawi thuthukulan-thuthukulan ingkang andhap-andhap. Wondéné taman kakalih ingkang kasebut ing ngajeng wau ingkang baku badhé dipun tanemi wit-witan ingkang ngedalaken woh, katrangan ingkang asilah-silah punika nandhakaken bilih ingkang dipun karsakaken woten ing pratélan ingkang sapisan wau pasiten subur ing tanah Syam (Siriyah). Déné pratélan angka kalih punika ingkang dipun karsakaken pasiten subur ing tanah Persi.

	70 Ing jeroné isi kang becik-becik, kang éndah-éndah.[2423]	فِيهِنَّ خَيْرَٰتٌ حِسَانٌ ﴿٧٠﴾
	71 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٧١﴾
Ut. *amripat bening* a. 2356	72 Kang *suci-suci*[a] padha piningit ing gedhong.	حُورٌ مَّقْصُورَٰتٌ فِى ٱلْخِيَامِ ﴿٧٢﴾
	73 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٧٣﴾
	74 Ing sadurungé dhèwèké, durung tau ana manusa lan jin anggepok.	لَمْ يَطْمِثْهُنَّ إِنسٌ قَبْلَهُمْ وَلَا جَآنٌّ ﴿٧٤﴾
	75 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٧٥﴾
	76 Padha aléléyangan ing bantal ijo sarta babut kang èdi-èdi.[2424]	مُتَّكِـِٔينَ عَلَىٰ رَفْرَفٍ خُضْرٍ وَعَبْقَرِىٍّ حِسَانٍ ﴿٧٦﴾
	77 Lah kamurahané Pangéranira kang endi kang arep sira paido?	فَبِأَيِّ ءَالَآءِ رَبِّكُمَا تُكَذِّبَانِ ﴿٧٧﴾
	78 Mahabarkah asmané Pangéranira, kang kagungan kahagungan lan kamulyan.	تَبَٰرَكَ ٱسْمُ رَبِّكَ ذِى ٱلْجَلَٰلِ وَٱلْإِكْرَامِ ﴿٧٨﴾

2423. *Khairât* punika *jama'*-ipun tembung *khairah*, inggih punika *muannats*-ipun tembung *khair*. Déné tegesipun *khairah* punika barang punapa kémawon ingkang saé, sisifatan ingkang saé, pinunjul (LL). Tembung satunggalipun, inggih punika *hisân*, punika *jama'*-ipun tembung *hasana*, ingkang manawi katumrapaken dhateng tiyang èstri ateges *ayu*, *éndah-éndah ing warni*, utawi *nengsemaken* (LL). Déné tegesipun, tumrap nugraha ing gesang sasampuning pejah, punika sami kados déné ingkang sampun katerangaken ing 2356. Déné ingkang tumrap janji ing gesang sapunika, ateges para putri dharah luhur, dalasan para putri dharahing nata ing Persi sami kasémah déning para prawira Muslimin.

2424. Barang-barang ingkang awis reginipun gadhahanipun titiyang Persi, sami dhumawah wonten ing tanganipun para prawira Muslimin. Ingkang makaten punika ateges, bilih piweca punika kanyataan wahananipun wonten ing gesang sapunika punika, sarta ingkang makaten punika dados bukti saha dados conto bab badhé kanyataaning wahananipun piweca wau wonten ing akhirat.

سُوْرَةُ الْوَاقِعَةِ مَكِّيَّةٌ (٥٦) آيَاتُهَا ٩٦ رُكُوْعَاتُهَا ٣

SURAT 56

AL-WAQI'AH

(*Lalampahan ageng*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ruku', 96 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Manusa tigang golongan.
Ruku' 2. Para titiyang dosa.
Ruku' 3. Pancasan boten kénging dipun singkiri.

Kateranganipun gerban

Namanipun surat punika ugi pipiridan saking ayatipun ingkang sapisan. "Lalampahan Ageng," punika ingkang dipun karsakaken wekdal tumedhakipun ganjaran dhateng para angèstu tuwin dhumawahipun siksa dhateng para ingkang milawani, ingkang kawarsitakaken wonten ing surat ingkang sampun. Surat punika mangandikakaken tiyang tigang golongan: tiyang ingkang rumiyin piyambak saking antawisipun para angèstu kagolongakaken dados sagolongan piyambak, déné golongan kakalih sanèsipun, inggih punika para angèstu tuwin mengsah-mengsahipun. Ruku' ingkang sampun, sasampunipun nyebutaken bilih tiyang punika badhé pinèrang-pèrang dados tigang golongan, lajeng mangandikakaken golonganipun para angèstu warni kalih. Ruku' ingkang kaping kalih nyebutaken para mengsah ingkang sami lepat, déné ruku' ingkang kaping tiga nyebutaken bilih pancasan punika boten kénging dipun singkiri malih sarta tiyang tigang golongan wau mesthi badhé sami nampèni punapa ingkang mesthinipun dados bebahanipun.

Bab prakawis titimangsaning tumurunipun, boten wonten sabab-sababipun malih anggolongakaken surat punika ing jaman, sanèsipun jaman tumurunipun surat sanès-sanèsipun tumrap golongan punika. Inggih punika wahyu Makkiyah, golonganipun jaman Makkah wiwitan.

RUKU' 1

Manusa tigang golongan

1-12. Dhatenging pancasan sarta paméranging manusa.13-26. Golongan ingkang sapisan. 27-28. Para tiyang tulus.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

1 Nalikané lalakon gedhé iku kalakon,[2425]

إِذَا وَقَعَتِ الْوَاقِعَةُ ①

2425. Kapèngetana bilih manawi Quran Suci mangandikakaken *titining mangsa* utawi *lalakon*, punika boten mesthi mligi ateges kiyamat nanging ugi asring sanget ateges leburing para mengsah-mengsahipun. Malah menggah ing sajatos-jatosipun, leburing mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi

	2 – Ora bakal goroh mungguhing kalakoné –	لَيْسَ لِوَقْعَتِهَا كَاذِبَةٌ ۝٢
	3 (Golongan kang sawiji) ingasoraké, (golongan sijiné) linuhuraké,[2426]	خَافِضَةٌ رَّافِعَةٌ ۝٣
	4 Nalikané bumi ginonjing kalawan gonjing (kang banget),	إِذَا رُجَّتِ الْأَرْضُ رَجًّا ۝٤
	5 Lan gunung-gunung padha rinemuk kalawan remuk (abubuk),[2427]	وَبُسَّتِ الْجِبَالُ بَسًّا ۝٥
	6 Nganti dadi kaya déné lebu kang mabul-mabul,	فَكَانَتْ هَبَاءً مُّنْبَثًّا ۝٦
	7 Lan sira bakal dadi telung golongan.	وَكُنْتُمْ أَزْوَاجًا ثَلٰثَةً ۝٧
Ut. *tangan tengen* Ut. *tangan tengen*	8 Wondéné para mitraning *kabegjan*: saiba ta (begjané) para mitraning *kabegjan* iku!	فَأَصْحٰبُ الْمَيْمَنَةِ مَا أَصْحٰبُ الْمَيْمَنَةِ ۝٨
Ut. *tangan kiwa* Ut. *tangan kiwa*	9 Lan para mitraning *cintraka*: saiba (cilakané) para mitraning *cintraka* iku!	وَأَصْحٰبُ الْمَشْئَمَةِ مَا أَصْحٰبُ الْمَشْئَمَةِ ۝٩
	10 Lan para sing andhisiki, iku (iya) andhisiki,[2428]	وَالسّٰبِقُوْنَ السّٰبِقُوْنَ ۝١٠
	11 Iki para kang padha kaparek (maring Allah),	أُولٰٓئِكَ الْمُقَرَّبُوْنَ ۝١١
	12 Ana sajroning patamanan nugraha.	فِيْ جَنّٰتِ النَّعِيْمِ ۝١٢

Suci ing gesang sapunika punika dumunung minangka icip-icip barang ingkang badhé dipun sandhang wonten ing gesang sasampuning pejah.

2426. Pratélaning lalampahan ageng punika, dados pasaksèn ingkang cetha, bilih lalampahan ageng wau ateges lalampahan ing wekdal nalika para mengsahipun Kanjeng Nabi sami nandhang asor tuwin para pandhèrèk ingkang setya sami manggih kaluhuran sarta kadamel nguwaosi nagarinipun, ing gesang sapunika punika ugi, sanajan ta gumelaripun ingkang kalayan sampurna ngemungaken saged kalampahan wonten ing gesang sasampuning pejah.

2427. Redi-redi sami jugrug punika tegesipun ambrukipun para titiyang ageng. Kula aturi mirsani 1604.

2428. Tegesipun, tiyang ingkang rumiyin piyambak anggènipun nindakaken kasaénan, mesthi inggih badhé rumiyin piyambak anggènipun angsal ganjaranipun.

13 Papanthan akèh saka golonganè kang dhisik,

ثُلَّةٌ مِّنَ الْاَوَّلِيْنَ ۙ﴿١٣﴾

14 Sarta papanthan sathithik saka golonganè kang kari,[2429]

وَقَلِيْلٌ مِّنَ الْاٰخِرِيْنَ ؕ﴿١٤﴾

15 Ana ing dhampar kang sinulam,

عَلٰى سُرُرٍ مَّوْضُوْنَةٍ ۙ﴿١٥﴾

16 Ana ing kana padha asèsèndhèn adhep-adhepan.

مُّتَّكِـِٕيْنَ عَلَيْهَا مُتَقٰبِلِيْنَ ﴿١٦﴾

Ut. rinenggo ing papaès

17 Para nonoman kang *tanpa owah umur-umurané* kang anglarihi dhèwèké,[2430]

يَطُوْفُ عَلَيْهِمْ وِلْدَانٌ مُّخَلَّدُوْنَ ۙ﴿١٧﴾

Ar. *saka*

18 Kalawan kendhi lan pinggan sarta gelas *isi* ombèn-ombèn suci;

بِاَكْوَابٍ وَّاَبَارِيْقَ ۙ وَكَاْسٍ مِّنْ مَّعِيْنٍ ۙ﴿١٨﴾

19 Ora bakal padha dadi mumet sarta ora bakal padha dadi lungkrah;

لَّا يُصَدَّعُوْنَ عَنْهَا وَلَا يُنْزِفُوْنَ ۙ﴿١٩﴾

20 Apa déné wowohan sapamilihé,

وَفَاكِهَةٍ مِّمَّا يَتَخَيَّرُوْنَ ۙ﴿٢٠﴾

21 Sarta daging iber-iberan endi sing dikapéngini,

وَلَحْمِ طَيْرٍ مِّمَّا يَشْتَهُوْنَ ؕ﴿٢١﴾

a. 2356

22 Tuwin kang éndah-éndah kang suci,[a]

وَحُوْرٌ عِيْنٌ ۙ﴿٢٢﴾

23 Kaya upamané mutyara kang piningit:

كَاَمْثَالِ اللُّؤْلُؤِ الْمَكْنُوْنِ ۚ﴿٢٣﴾

2429. Titiyang ingkang rumiyin piyambak anggènipun angèstu dhateng Kanjeng Nabi Suci, sami kadadosaken luhur wonten ing nagarinipun. Para titiyang ingkang angèstu dhateng Kanjeng Nabi Suci nalika jaman énggal-énggalan. Kanjeng Nabi makarya andhatengaken ayahanipun, sarta sami kapeksa ababanten ageng-agengan, punika sami kaparingan ganjaran samurwatipun. Nanging para titiyang ingkang ngentosi ngantos sasampunipun Islam saged jumeneng wonten ing nagarinipun, prasasat boten sami ababanten punapa-punapa. Para ingkang sami angrumiyini wau, ing gesang sapunika punika sami kaparingan ganjaran sarana kadamel saged nguwaosi nagarinipun, déné ganjaran ingkang langkung ageng malih kajanjèkaken dhateng para titiyang wau bilih badhé kaparingaken wonten ing gesang sasampuning pejah. Kula aturi mirsani 57: 10 tuwin kula aturi mirsani 2446.

2430. Tembung *khallada* punika manawi dipun anggé tembung kriya ingkang anggadhahi lésan, ateges *mamaèsi wong liya nganggo papaès* (AA-LL). Awit saking punika *mukhalladun* punika kénging dipun tegesi *rinenggané papaès* (Zy-LL), tuwin inggih kénging dipun tegesi *kang ora bisa rusak* (Q-LL), utawi *kang tanpa owah umuré* (Fr-LL). Awit ing gesang sasampuning pejah punika boten wonten barang risak.

	24 Pituwas tumrap apa kang wus padha dilakoni.	جَزَآءًۢ بِمَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٢٤﴾
	25 Ana ing kono ora bakal padha ngrungu ucap lalawora lan ucap dosa,	لَا يَسْمَعُونَ فِيهَا لَغْوًا وَّلَا تَأْثِيمًا ﴿٢٥﴾
	26 Kajaba mung pangucap: Rahayu, rahayu![2430A]	إِلَّا قِيلًا سَلٰمًا سَلٰمًا ﴿٢٦﴾
Ut. *tangan tengen; apa* Ut. *tangan tengen*	27 Lan para mitraning *kabegjan*; *saiba* ta (begjané) para mitraning *kabegjan* iku![2431]	وَأَصْحٰبُ الْيَمِينِ ۙ مَآ أَصْحٰبُ الْيَمِينِ ﴿٢٧﴾
Ut. *pangé tumiyung kabotan woh* a. 2381	28 Ana tengah-tengahing wit-wit widara kang *tanpa ri,*[a]	فِى سِدْرٍ مَّخْضُودٍ ﴿٢٨﴾
	29 Lan wit gedhang (kang wohé) sungsun-sungsun,	وَّطَلْحٍ مَّنْضُودٍ ﴿٢٩﴾
	30 Sarta ayomé maratani,	وَّظِلٍّ مَّمْدُودٍ ﴿٣٠﴾
	31 Tuwin banyu umbul sumen-tor,	وَّمَآءٍ مَّسْكُوبٍ ﴿٣١﴾
	32 Apa déné wowohan sapirang-pirang,	وَّفَاكِهَةٍ كَثِيرَةٍ ﴿٣٢﴾
	33 Tanpa tendhag sarta tanpa larangan.	لَّا مَقْطُوعَةٍ وَّلَا مَمْنُوعَةٍ ﴿٣٣﴾
Ut. *palèrè-nan*	34 Lan *omah* kang dhuwur.	وَّفُرُشٍ مَّرْفُوعَةٍ ﴿٣٤﴾
	35 Sayekti, iku padha Ingsun tuwuhaké dadi tumuwuh (kang anyar),	إِنَّآ أَنْشَأْنٰهُنَّ إِنْشَآءً ﴿٣٥﴾
Ut. *kenya*	36 Tumuli iku padha Ingsun dadèkaké *tanpa timbang*,	فَجَعَلْنٰهُنَّ أَبْكَارًا ﴿٣٦﴾

2430A. Pratélaning suwarga punika, inggih punika ingkang kasebut wonten ing dhawuh ingkang tumurun rumiyin-rumiyin, punika boten wonten bédanipun kaliyan pratélan ingkang kamot wonten ing wahyu ingkang kantun-kantun. Sasampunipun mijang-mijang nugraha ingkang wawarni-warni, kawontenanipun ingkang sajati lajeng katerangaken mawi tembung satembung, inggih punika *rahayu*.

2431. Punika golonganipun para angèstu sanèsipun malih, inggih punika tiyang ingkang boten kagolong ingkang rumiyin piyambak, suprandéné meksa "begja kemayangan" déné boten sami angemohi ing Kanjeng Nabi. Déné nugraha ingkang kajanjèkaken badhé dipun paringaken dhateng piyambakipun, kula aturi mirsani tafsir sadèrèngipun angka punika.

37 Maladsih, apapantaran umuré, — عُرُبًا اَتْرَابًا ﴿٣٧﴾

Ut. *tangan tengen*

38 Tumrap para mitraning *kabegjan.*[2432] — لِّاَصْحٰبِ الْيَمِيْنِ ﴿٣٨﴾

RUKU' 2

Para titiyang dosa

39, 40. Para tulus. 41-56. Para dosa sami pinidana. 57-74. Dumadi punika ambuktèkaken dhumawahing pancasan.

39 Papanthan akèh saka golongané kang dhisik, — ثُلَّةٌ مِّنَ الْاَوَّلِيْنَ ﴿٣٩﴾

Ut. *tangan kiwa*

40 Lan papanthan akèh saka golongané kang kari.[2433] — وَثُلَّةٌ مِّنَ الْاٰخِرِيْنَ ﴿٤٠﴾

Ut. *tangan kiwa*

41 Lan para mitraning *cintraka,* saiba cilakané para mitraning *cintraka* iku! — وَاَصْحٰبُ الشِّمَالِ ۙ مَآ اَصْحٰبُ الشِّمَالِ ﴿٤١﴾

42 Ana sajroning angin panas lan wédang umob, — فِيْ سَمُوْمٍ وَّحَمِيْمٍ ﴿٤٢﴾

2432. Pantes pinèngetan, nugraha-nugraha ingkang kaparingaken dhateng para tiyang tulus, para mitraning kabegjan, punika ing sakawit kapangandikakaken awarni ayom-ayoman, toya, wowohan, tuwin papan nganggé ngaso; lajeng wonten ing ayat 35 kapangandikakaken makaten: *Sayekti iku padha Ingsun tuwuhaké dadi tumuwuh kang anyar*; kados-kados dhawuh punika mengku karsa ngicalaken sawarnining semang-semang dhateng bab prakawis jatos-jatosing nugraha-nugraha ing gesang ing bénjing wau. Dhawuh punika paring karampungan ingkang gumathok, bilih nugraha-nugraha wau, nadyan warni punapa kémawon, punapa awujud ayang-ayangan, wit-witan, toya punapa wowohan, sadaya punika wohing pandamel ingkang *katuwuhaken dados tumuwuh ingkang anyar*. Wondéné dhawuh-dhawuh sambetipun pratélan punika, sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih tembung-tembungipun ngagem tetembungan ingkang asalipun kanggé tumrap tiyang èstri; nanging kados déné ingkang katerangaken ing 2356, ingkang makaten wau namung margi *èstri punika dados pasemoning kasucian tuwin kaéndahan*. Kadosta tembung *abkar*, *jama'*-ipun tembung *bikir*, punika tegesipun *prawan*, sarta ugi ateges *tindak ingkang dèrèng naté wonten saminipun ing sadèrèngipun* (Q-LL). Makaten ugi *atrab*, utawi *racak umuripun*, punika kados déné ingkang katerangaken wonten ing 2148A; ateges bilih tumuwuhipun nugraha-nugraha wau sampun wiwit tumuwuhipun gesang ruhanipun tiyang. Déné *'urub* punika *jama'*-ipun tembung '*urub* tuwin *jamakipun* tembung '*arib*; tembung ingkang rumiyin ateges *tiyang èstri ingkang medharaken sih-tresnanipun*; tembung ingkang angka kalih ateges *tiyang jaler ingkang suci ing wicara*; dados mengku pangertosan *suci* utawi *tresna.* Déné gathukipun kaliyan kamenangan-kamenangan ing gesang sapunika punika, mirsanana 2419, 2420 tuwin sanès-sanèsipun.

2433. Ayat 39 tuwin ayat 40 punika mengku karsa nyebutaken prakawis ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing wekasaning ruku' ingkang sampun. Kapèngetana, ayat kakalih punika boten teka cengkah kaliyan ayat 13 saha ayat 14 kados déné pangintenipun sawenèh tukang kritik Nasrani; jalaran ayat 13 lan 14 wau namung mangandikakaken titiyang ingkang rumiyin piyambak anggènipun angèstu ing Kanjeng Nabi Suci.

43 Sarta eyubing kukus ireng,

وَّظِلٍّ مِّنْ يَّحْمُوْمٍ ﴿٤٣﴾

44 Tanpa ana adhemé lan tanpa ana kaéndahané.[2434]

لَّا بَارِدٍ وَّلَا كَرِيْمٍ ﴿٤٤﴾

45 Sayekti, sadurungé iku uripé angénak-énak sarta kaduk.

اِنَّهُمْ كَانُوْا قَبْلَ ذٰلِكَ مُتْرَفِيْنَ ﴿٤٥﴾

46 Sarta padha andarung anggoné atindak panerak kang gedhé,[2435]

وَكَانُوْا يُصِرُّوْنَ عَلَى الْحِنْثِ الْعَظِيْمِ ﴿٤٦﴾

47 Apa déné gawéané padha angucap: Kapriyé! apa yèn aku wis padha mati lan wis padha lemah lan balung, apa ndadak bakal padha ditangèkaké temenan?

وَكَانُوْا يَقُوْلُوْنَ اَئِذَا مِتْنَا وَكُنَّا تُرَابًا وَّعِظَامًا ءَاِنَّا لَمَبْعُوْثُوْنَ ﴿٤٧﴾

48 Apa bapak-bapakku dhèk biyèn-biyèn barang?

اَوَ اٰبَآؤُنَا الْاَوَّلُوْنَ ﴿٤٨﴾

49 Kandhanana: Sayekti para kang dhisik-dhisik lan kang kari-kari.

قُلْ اِنَّ الْاَوَّلِيْنَ وَالْاٰخِرِيْنَ ﴿٤٩﴾

50 Temen bakal padha diimpun marang waktu kang tinamtu ing sawiji dina kang wus kinawruhan.

لَمَجْمُوْعُوْنَ اِلٰى مِيْقَاتِ يَوْمٍ مَّعْلُوْمٍ ﴿٥٠﴾

51 Tumuli, sayekti sira, o, para sasar, para kang anggorohaké!

ثُمَّ اِنَّكُمْ اَيُّهَا الضَّآلُّوْنَ الْمُكَذِّبُوْنَ ﴿٥١﴾

Ar. *saka* a. 1442, 2111

52 Temen bakal padha mangan *wohing* wit Zaqqum,[a]

لَاٰكِلُوْنَ مِنْ شَجَرٍ مِّنْ زَقُّوْمٍ ﴿٥٢﴾

53 Lan iku kanggo angebaki weteng(-mu);

فَمَالِـُٔوْنَ مِنْهَا الْبُطُوْنَ ﴿٥٣﴾

54 Banjur tinungka ngombé banyu umob;

فَشٰرِبُوْنَ عَلَيْهِ مِنَ الْحَمِيْمِ ﴿٥٤﴾

55 Lan anggoné ngombé kaya pangombéné unta kasatan.

فَشٰرِبُوْنَ شُرْبَ الْهِيْمِ ﴿٥٥﴾

2434. Ayat-ayat punika anggambaraken sangsara tuwin ina ingkang kasudhiyakaken calon dados bebahanipun para kafir Quraisy wonten ing gesang sapunika punika tuwin ing gesang ing akhirat.

2435. Inggih punika nerak dhawuh timbalanipun Pangéran.

56 Iki susuguhé ing dina wawales.

هٰذَا نُزُلُهُمْ يَوْمَ الدِّيْنِ ﴿٥٦﴾

57 Ingsun kang wus nitahaké sira; lah, yagéné sira ora (gelem) anampani kasunyatan?

نَحْنُ خَلَقْنٰكُمْ فَلَوْلَا تُصَدِّقُوْنَ ﴿٥٧﴾

Ar. *barang kang sira curaké*

58 Apa sira mramanakaké *wijining urip*?

اَفَرَءَيْتُمْ مَّا تُمْنُوْنَ ﴿٥٨﴾

59 Iku apa sira kang gawé, apa Ingsun Kang-anitahaké?

ءَاَنْتُمْ تَخْلُقُوْنَهٗٓ اَمْ نَحْنُ الْخٰلِقُوْنَ ﴿٥٩﴾

60 Ingsun amasthèkaké pati (tumrap) ing antaranira, lan ora bakal Ingsun kalindhih,[2436]

نَحْنُ قَدَّرْنَا بَيْنَكُمُ الْمَوْتَ وَمَا
نَحْنُ بِمَسْبُوْقِيْنَ ﴿٦٠﴾

61 Amrih Ingsun anyalini kahananira sarta anuwuhaké sira dadi apa kang sira ora sumurup.

عَلٰٓى اَنْ نُّبَدِّلَ اَمْثَالَكُمْ وَنُنْشِئَكُمْ
فِيْ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ﴿٦١﴾

62 Lan sayekti temen sira weruh tumuwuh kang wiwitan; lah yagéné sira ora padha angangen-angen?

وَلَقَدْ عَلِمْتُمُ النَّشْاَةَ الْاُوْلٰى فَلَوْلَا
تَذَكَّرُوْنَ ﴿٦٢﴾

63 Apa sira amramanakaké apa kang padha sira sebar?

اَفَرَءَيْتُمْ مَّا تَحْرُثُوْنَ ﴿٦٣﴾

64 Iku apa sira kang nukulaké, apa Ingsun Kang-Anukulaké?

ءَاَنْتُمْ تَزْرَعُوْنَهٗٓ اَمْ نَحْنُ الزّٰرِعُوْنَ ﴿٦٤﴾

65 Yèn ta Ingsun angarsakna, yakti iku Ingsun dadèkaké ajur banjur sira padha asasambat:

لَوْ نَشَاۤءُ لَجَعَلْنٰهُ حُطَامًا فَظَلْتُمْ
تَفَكَّهُوْنَ ﴿٦٥﴾

66 Sayekti, aku padha kablebeg ing utang:

اِنَّا لَمُغْرَمُوْنَ ﴿٦٦﴾

2436. Ayat-ayat punika saha ayat sambetipun, mangandikani para titiyang wau kalayan terang gamblang. Bilih piyambakipun punika sami kapesthi badhé nandhang pejah, tiyang sanès (inggih punika para Muslimin) sami badhé anggentosi piyambakipun, sarta piyambakipun piyambak badhé kadadosaken asor, ingkang ing babagan prakawis punika piyambakipun boten sami sumerep. Lah inggih kawontenan asor punika, ingkang boten naté dipun rumaosi déning satunggaling bangsa ingkang kinawasa; bab punika kasebutaken wonten ing dhawuhing ayat sambetipun, *sarta anuwuhaké sira dadi apa kang sira ora sumurup*.

67 O, balik malah aku iki padha entèk-entèkan.

بَلْ نَحْنُ مَحْرُوْمُوْنَ ﴿٦٧﴾

68 Lah apa ta sira mramanakaké banyu kang sira ombé?

اَفَرَءَيْتُمُ الْمَآءَ الَّذِىْ تَشْرَبُوْنَ ﴿٦٨﴾

69 Iku apa sira kang nurunaké saka mendhung, apa Ingsun Kang-Anurunaké?

ءَاَنْتُمْ اَنْزَلْتُمُوْهُ مِنَ الْمُزْنِ اَمْ نَحْنُ الْمُنْزِلُوْنَ ﴿٦٩﴾

70 Yèn Ingsun angarsakna, yekti iku Ingsun asin; lah yagéné sira padha ora atur panuwun?

لَوْ نَشَآءُ جَعَلْنٰهُ اُجَاجًا فَلَوْلَا تَشْكُرُوْنَ ﴿٧٠﴾

71 Apa sira mramanakaké geni kang sira agar?

اَفَرَءَيْتُمُ النَّارَ الَّتِىْ تُوْرُوْنَ ﴿٧١﴾

72 Apa sira kang andadèkaké
a. 2098 kayuné,[a] apa Ingsun Kang-Andadèkaké?

ءَاَنْتُمْ اَنْشَاْتُمْ شَجَرَتَهَآ اَمْ نَحْنُ الْمُنْشِـُٔوْنَ ﴿٧٢﴾

73 Iku Ingsun dadèkaké pépéling sarta piguna tumrap para kang lalaku ing sagara wedhi.[2437]

نَحْنُ جَعَلْنٰهَا تَذْكِرَةً وَّمَتَاعًا لِّلْمُقْوِيْنَ ﴿٧٣﴾

74 Mulané mahasucèkna ing asmaning Pangéranira, Ingkang Agung.

فَسَبِّحْ بِاسْمِ رَبِّكَ الْعَظِيْمِ ﴿٧٤﴾

RUKU' 3

Pancasan boten kénging dipun singkiri

75-80. Quran Suci punika wewedhar sabdanipun Pangéran. 81-87. Pejah buktining pancasan. 88-95. Pancasan tigang tataran.

Ar. *sumpah* 75 Tuhu Ingsun *apasaksi* kala-
Ut. *suruping lintang-lintang* wan *wewedharing pérang-pérangan*(-é Quran);[2438]

فَلَآ اُقْسِمُ بِمَوٰقِعِ النُّجُوْمِ ﴿٧٥﴾

2437. Latu ingkang makantar-kantar ing wanci dalu punika saged suka pitedah dhateng para ingkang sami lalampahan ing saganten wedhi, bilih ing ngriku wonten padununganipun tiyang, ingkang manawi piyambakipun mriku mesthi badhé dipun tampi kalayan rahab. Latu sinebut "pepèling," punika margi latu makaten dados pasemonipun paprangan, ingkang badhé adamel karisakan dhateng para kafir; makaten ugi latu punika wonten ing gesang ing bénjing dados piwalesing pandamel awon. Ayat-ayat ing nginggil wau sadaya mengku piweca-piweca ingkang terang bab badhé ambrukipun tuwin leburipun ingkang wekasan panguwaosipun titiyang Quraisy.

2438. Teges ingkang dipun anggé punika cocog kaliyan suraosing dhawuh ing nginggil lan ing ngandhapipun. Déné kateranganipun *nujum* dipun tegesi *péranganing Quran*, punika kula aturi mirsani

76 Lan sayekti iku sumpah kang agung yèn ta sira padha weruha.	وَإِنَّهُۥ لَقَسَمٌ لَّوْ تَعْلَمُونَ عَظِيمٌ ٧٦
77 Sayekti, iku temen Quran kang minulya,	إِنَّهُۥ لَقُرْءَانٌ كَرِيمٌ ٧٧
78 Ing sajroning kitab, kang rineksa	فِى كِتَٰبٍ مَّكْنُونٍ ٧٨
79 Ora bakal anggepok iku, kajaba kang padha sinucèkaké.[2439]	لَّا يَمَسُّهُۥٓ إِلَّا ٱلْمُطَهَّرُونَ ٧٩
80 Wewedhar (kang tinurunaké) saka Pangéraning ngalam kabèh.	تَنزِيلٌ مِّن رَّبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ٨٠
81 Lah apa ta marang dhadhawuhan iki sira padha ngrèmèhaké?[2440]	أَفَبِهَٰذَا ٱلْحَدِيثِ أَنتُم مُّدْهِنُونَ ٨١

2371, ing ngriku ayat punika ugi katerangaken. *Mawaqi'* punika *jama'*-ipun tembung *mauqia'*, jawinipun *wekdal utawi panggènan dhumawahipun satunggaling barang* ing bab punika tumurunipun Quran. Ayat 77 anyethakaken bilih ingkang dipun karsakaken punika tumuruning Quran, awit inggih dhateng prakawis wau wangsulipun *dlamir hu* (*iku*) ing ayat 77 wau.

Kados déné ingkang sampun katerangaken ing 2099, maksudipun sumpah tumrap kawontenan ingkang kados makaten punika, mengku suraos wigatos dhawuh anggatosaken dhateng sawenèh wutah gumelaring kawontenan, milanipun tembung *uqsimu* lajeng kula jarwani *Ingsun apasaksi*. Tembung *la* ing ukara ingkang makaten punika, katerangaken wonten ing 2660.

2439. Ayat-ayat 77, 78, tuwin 79 nyebutaken pratélan bab Quran warni tiga (1) Quran punika waosan ingkang minulya; manawi katembungaken sanès, ingkang sami maos Quran wau badhé dipun mulyakaken lan sami tiyang ageng; (2) Quran badhé rineksa suci murninipun wonten ing dalem seratan; tuwin (3) para manembah brahala ingkang jember boten badhé anggepok Quran, liripun sami boten badhé angsal piguna saking Quran sadangunipun sami tetep dumunung wonten ing jejemberipun. Punika ugi anedahaken bilih "mangertos dhateng Quran" punika namung kaparingaken dhateng para titiyang ingkang suci manahipun. Kajawi punika, ugi anedahaken bilih Quran kedah boten kagepok déning tiyang ingkang boten suci. Awit saking punika mila para sahabat sami dipun awisi ambekta Quran dhateng nagarinipun mengsah نهينا ان نسافر بالقران الى ارض العدو makaten ungelipun satunggaling hadits ingkang kamot wonten ing Bukhari. Salajengipun ayat-ayat wau lan hadits punika anedahaken bilih wiwit ing sakawit mila Quran sampun maujud wonten ing seratan; saupami botena makaten, yekti awisan anggepok utawi ambekta Quran dhateng nagarinipun mengsah, punika boten teges.

2440. *Mud-hinun* punika wonten ing ngriki sami kaliyan متهاونون مكذبون jawinipun *ngréméhaken*, *angemohi* (JB). Sadaya mufassirin ngajengi teges punika. Kados pundi asal-asalipun mila tembung punika anggadhahi teges makaten wau, LL nerangaken makaten: "asalipun tembung wau ateges *nglisahi* barang, wacucal upaminipun, *kalayan sawenèh lisah* utawi *sasaminipun*; rèhning barang wau murugaken nglemesaken raos, mila tembung wau lajeng dipun anggé kalam ngibarat ingkang mengku teges lemes ingkang nyakécakaken, mila lajeng kanggé nembungaken *nyrawungi kalayan alus*, *ngarih-arih*, *ngasih-asih*, *nyinthung* utawi *amblithuk* .... lajeng tembung *mudahinah* dipun anggé entar ateges *nyepélékaken* utawi *ngasoraken* (Mf, TA)."

82 Lan anggonira anggorohaké sira dadèkaké upajiwanira.[2441]

وَتَجۡعَلُونَ رِزۡقَكُمۡ أَنَّكُمۡ تُكَذِّبُونَ ﴿٨٢﴾

83 Lah yagéné ora nalikané wis tumeka ing tenggok,

فَلَوۡلَآ إِذَا بَلَغَتِ ٱلۡحُلۡقُومَ ﴿٨٣﴾

84 Lan sira nalika iku padha nungkuli,

وَأَنتُمۡ حِينَئِذٖ تَنظُرُونَ ﴿٨٤﴾

85 Lan Ingsun luwih parek marang dhèwèké tinimbang sira ananging sira padha ora sumurup.

وَنَحۡنُ أَقۡرَبُ إِلَيۡهِ مِنكُمۡ وَلَٰكِن لَّا تُبۡصِرُونَ ﴿٨٥﴾

86 Lah yagéné – yèn ta sira iku oraa *kapurba ing wisésa* –

فَلَوۡلَآ إِن كُنتُمۡ غَيۡرَ مَدِينِينَ ﴿٨٦﴾

87 Iku ora sira balèkaké – yèn sira iku padha wong temen?[2442]

تَرۡجِعُونَهَآ إِن كُنتُمۡ صَٰدِقِينَ ﴿٨٧﴾

88 Lah manawa dhèwèké iku golongané para kang kaparek (maring Allah),

فَأَمَّآ إِن كَانَ مِنَ ٱلۡمُقَرَّبِينَ ﴿٨٨﴾

89 Amasthi bakal olèh begja lan wilasa sarta taman kabegjan.

فَرَوۡحٞ وَرَيۡحَانٞ وَجَنَّتُ نَعِيمٖ ﴿٨٩﴾

2441. Suraosipun dhawuh punika sampun terang sanget. Manawi tembung *rizq* dipun tegesi kados adat sabenipun, inggih punika *rejeki*, dhawuh punika mengku suraos: kebangeten timen anggonira anggorohaké Quran, nganti kaya-kaya anggorohaké Quran iku dadi rejekinira, kang manawa atanpa iku sira ora bisa urip. Nanging tembung *rizq* punika ugi anggadhahi teges sanèsipun malih, kadosta tetembungan رزق فلانا punika jawinipun: *awèh panarima marang si Suta* (LL). TA nyukani tuladha sanèsipun malih teges ingkang makaten wau wonten ing ukara ingkang mungel makaten: فعلت ذلك لما رزقتني *aku tumindak mangkono mau marga kowé wus awèh panarima marang aku*. Manawi mawi teges punika, suraosing dhawuh lajeng makaten: *lan sira padha anggorohaké (Quran) iku sira dadèkaké atur-panuwunira*. Terangipun malih: apa sira padha anggorohaké Quran iku jeneng ngaturaké panuwun marga sira wis padha olèh piguna saka wahyuning Pangéran?

2442. Tuwan Sale tuwin sanès-sanèsipun sami anjarwan; غير مدينين punika *ora bakal diparingi ganjaran utawi ora bakal diparingi pancasan*, sarta sami mastani dhawuh peteng ukaranipun. Nanging *madînîn* punika tegesipun *mamlukîn* jawinipun *kapurba ing wisésa* (Rz). Zy inggih kados makaten punika anggènipun anggancaraken tembung wau, ingkang ugi dipun ajengi déning LL, makaten anggènipun negesi: *ora kawengku ing pangawasa*. Sajatosipun tembungipun ingkang sakawit *dâna*, punika tegesipun ingkang asli *teluk*, utawi *dadi asor lan sumarah* (IAr, Q, TA-LL). Gancaran makaten punika saged anyethakaken suraosing dhawuh kalayan terang makaten: manawa sira iku mardika sakarep-karep lan ora teluk marang pamurba-wisésané Pangéran Ingkang-Mahaluhur, généa sira ora bisa nulak pati samangsa pati anekani sira lan sira banjur andawakaké umurira?

90 Lan manawa dhèwèké iku golonganè para mitraning tangan tengen,	وَأَمَّآ إِن كَانَ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلْيَمِينِ ﴿٩٠﴾
91 Lah rahayu tumrapa marang sira golonganè para mitraning tangan tengen.	فَسَلَٰمٌ لَّكَ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلْيَمِينِ ﴿٩١﴾
92 Lan manawa dhèwèké iku golonganè para kang anggorohaké, para sasar,	وَأَمَّآ إِن كَانَ مِنَ ٱلْمُكَذِّبِينَ ٱلضَّآلِّينَ ﴿٩٢﴾
93 Amasthi olèh susuguh arupa banyu mulak-mulak,	فَنُزُلٌ مِّنْ حَمِيمٍ ﴿٩٣﴾
94 Sarta urub ing naraka.	وَتَصْلِيَةُ جَحِيمٍ ﴿٩٤﴾
95 Sayekti iki temen kasunyatan kang yakin.[2443]	إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ حَقُّ ٱلْيَقِينِ ﴿٩٥﴾
96 Mulané mahasucèkna ing asmaning Pangéranira, Ingkang Agung.	فَسَبِّحْ بِٱسْمِ رَبِّكَ ٱلْعَظِيمِ ﴿٩٦﴾

2443. Kula aturi anggatosaken kados punapa kasantosan lan kayakinan ingkang wonten ing panggalihipun Kanjeng Nabi dhateng kayektèning pancasan.

ركوعاتها ٤ سُورَةُ الْحَدِيدِ مَدَنِيَّةٌ (٥٧) آياتها ٢٩

SURAT 57

AL-HADÎD

(*Tosan*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*4 ruku', 29 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kahagunganing karatoning Pangéran.
Ruku' 2. Papadhanging iman.
Ruku' 3. Kasenenganipun para kafir punika boten dangu.
Ruku' 4. Nugrahanipun Pangéran tumrap para mukmin.

Namanipun, babipun ingkang kawarsitakaken tuwin gathuking suraosipun

Surat punika dipun irah-irahi *Al-Hadîd* utawi *Tosan*, mengku karsa nyebutaken pidana ingkang perlu sanget dipun dhawahaken dhateng para mengsah ingkang sami mamrih anyirnakaken Islam sarana pedhang. Wiwitanipun mratélakaken jembaring karatonipun Pangéran tuwin agunging kawasa saha mahawikanipun Allah; ingkang makaten punika mengku piweca ingkang cetha bab kamenanganipun Islam ing wekdal ingkang badhé dhateng, minangka nisihi golonganing dhawuh-dhawuh Makkiyah ingkang sampun, ingkang anjanjèkaken kaluhuran lan kamenangan kalayan tetembungan ngibarat. Pranyata piweca-piweca wau piweca ingkang angeram-eramaken, awit piweca-piweca wau mecakaken kaluhuranipun satunggaling umat, ingkang nalika jamanipun piweca wau kaundhangaken prasasat dèrèng wonten, sarta amecakaken ambrukipun umat satunggalipun, ingkang nalika punika nyepeng sawarnining panguwaos. Kados pundi kelampahanipun piweca-piweca punika sadaya? Wangsulanipun: kalayan kawasa tuwin mahawikanipun Allah ingkang agung, sarta inggih wangsulan ingkang kados makaten punika ingkang kadhawuhaken ing ngriki punika. Nanging para Muslimin ugi dipun dhawuhi kedah sami nanjakaken bandhanipun tuwin nyarempeng ing sakatog-katogipun, dados piyambakipun kedah angurbanaken kawigatosanipun piyambak karana yakti, manawi piyambakipun kepéngin maris karatoning Pangéran. Ing ngriku ugi wonten ingkang kalayan cetha nyebutaken jembaring karaton ingkang kajanjèkaken dhateng para Muslimin, inggih punika karaton ingkang boten namung kawatesan ing sauthekipun tanah Arab kémawon. Inggih wonten, tiyang ingkang lésanipun kémawon ngaken Islam, nanging boten purun kurban, ingkang pancènipun perlu sanget. Awit saking punika ruku' ingkang kaping kalih dhawuh dhateng kula sami, bilih para lamis punika, margi boten angsal papadhanging iman, wasananipun badhé kalimput wonten ing salebeting pepeteng. Ruku' ingkang kaping kalih punika dipun wekasi kalayan pitutur dhateng para angèstu. Ruku' ingkang kaping tiga nyebutaken sadaya kasenengan donya punika watekipun namung sagebyaran, namung kanggé ing sawatawis wekdal, sarta inggih kasenengan donya punika ingkang sok anebihaken manusa saking yakti; ruku' ingkang kaping tiga punika dipun pungkasi kalayan nyebutaken siksanipun para titiyang ingkang migunakaken pedhang kanggé anyirnakaken Islam. Ruku' ingkang wekasan piyambak mangandikakaken nugrahanipun Pangéran ingkang kasudhiyakaken tumrap para mukmin wau bilih sagedipun angsal nugraha wau boten teka sarana nganggé tata-cara bangsanipun kapandhitan, ingkang dados awisanipun Islam punika, nanging sarana panyarempeng, dados sarana migunakaken prakawis ngibadah sarta ngangkat dadamelipun kanggé ambélani yakti, ingkang kaping kalih memèngeti para Muslimin piyambak sampun ngantos sami anggilut lampah kapandhitan. Awit boten prabéda lan kawontenanipun yakti punika mesthi sirna atanpa lari manawi para Muslimin boten dipun idini ambélani yakti, lah makaten ugi kaluhuran ingkang kagayuh déning para Muslimin, mesthi boten saged lastantun dumunung ing kaum Muslimin, manawi kaum Muslimin nyingkur kadonyan.

RUKU’ 1

Kahagunganing Karatonipun Pangéran

1-6. Kawruh lan kawasa punika kagunganipun Allah. 7-10. Karaton badhé kaparingaken Muslimin, milanipun Muslimin kedah ngedalaken bandha.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang Mahaasih.

بِسۡمِ اللّٰهِ الرَّحۡمٰنِ الرَّحِيۡمِ ﴿۰﴾

1 Sabarang kang ana ing langit-langit lan bumi mahasucèkaké ing Allah, lan Panjenengané iku Ingkang-Kinawasa, Ingkang Wicaksana.

سَبَّحَ لِلّٰهِ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَالۡاَرۡضِ‌ۚ وَهُوَ الۡعَزِيۡزُ الۡحَكِيۡمُ ﴿۱﴾

2 Kagungané Panjenengané karatoning langit-langit lan bumi iku; Panjenengané aparing urip lan aparing pati; sarta Panjenengané iku marang samubarang kawasa.

لَهٗ مُلۡكُ السَّمٰوٰتِ وَالۡاَرۡضِ‌ۚ يُحۡىٖ وَيُمِيۡتُ‌ۚ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَىۡءٍ قَدِيۡرٌ ﴿۲﴾

3 Panjenengané iku Ingkang Wiwitan, lan Ingkang Wekasan, lan Ingkang-Anguwasani samubarang, sarta Ingkang Ngudanèni barang kang samar-samar,[2444] lan Panjenengané iku marang samubarang uninga.

هُوَ الۡاَوَّلُ وَالۡاٰخِرُ وَالظَّاهِرُ وَالۡبَاطِنُ‌ۚ وَهُوَ بِكُلِّ شَىۡءٍ عَلِيۡمٌ ﴿۳﴾

Langkung-langkung malih Islam punika angarsakaken sadaya kasantikanipun manusa punika saged babar semi angrembaka, jer gesang namung muhung migatosaken lampah-lampahing ngibadah thok, punika mesthi badhé mahanani wontenipun tata-cara sawarni mandhita, temahan kasantikan ingkang kagadhuhaken dhateng manusa, punika ingkang kathah lajeng kèndel boten makardi.

Titimangsaning tumurunipun

Surat punika dados wiwitanipun surat-surat Madaniyah sagolongan ingkang lalajengan dumugi surat ingkang kaping 66. Namung wonten semang-semangipun sakedhik, manawi katetepaken surat punika tumurun ing Madinah, awit bab punika katetepaken déning paham ingkang misuwur sanget wonten ing antawisipun kaum Muslimin (AH). Pamanggih ingkang boten nayogyani, punika sajatosipun pamanggih ingkang boten pantes sanget dipun limbang-limbang saèstu. Titimangsa ingkang katetepaken déning tuwan Noeldeke, antawisipun perang Uhud lan perang Ahzab; nanging manawi dipun laras kaliyan wontenipun pratélan ingkang sampun boten kénging pinaibenan malih magepokan kaliyan bab bedhahipun nagari Makkah tétéla pamanggih wau babar pisan boten kénging dipun gondhèli.

2444. Sifatipun Pangéran sakawan punika dipun terangaken déning Kanjeng Nabi Suci makaten “Paduka punika *al-Awwal*, inggih punika *Ingkang-Kawitan*, boten wonten satunggal punapa sadèrèngipun Paduka; Paduka punika *al-Akhir*, inggih punika *Ingkang-Wekasan*, boten wonten satunggal punapa sasampunipun Paduka: Paduka punika *adz-Dzahir* inggih punika *Ingkang-Ngungkuli*

4 Panjenengané iku ingkang anitahaké langit-langit lan bumi ing dalem nem mangsa, sarta Panjenengané tetep kawasa-Né;[a] Panjenengané uninga apa kang ambles ing sajroning bumi sarta apa kang metu saka ing kono lan apa kang tumurun saka ing langit sarta apa kang munggah ing kono, lan Panjenengané anyartani sira ana ing ngendi baé dunungira; lan Allah iku anguningani marang sabarang kang padha sira lakoni.

a. 895

هُوَ الَّذِيْ خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ
فِيْ سِتَّةِ اَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوٰى عَلَى الْعَرْشِ ۚ
يَعْلَمُ مَا يَلِجُ فِي الْاَرْضِ وَمَا يَخْرُجُ
مِنْهَا وَمَا يَنْزِلُ مِنَ السَّمَآءِ وَمَا
يَعْرُجُ فِيْهَا ۚ وَهُوَ مَعَكُمْ اَيْنَ
مَا كُنْتُمْ ۚ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ﴿٤﴾

5 Karatoning langit-langit lan bumi kagungan-É, lan (sakèhing) prakara iku dibalèkaké marang Allah.

لَهٗ مُلْكُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ ۚ وَاِلَى
اللّٰهِ تُرْجَعُ الْاُمُوْرُ ﴿٥﴾

6 Panjenengané anglebokaké wengi ing raina lan anglebokaké raina ing wengi, lan Panjenengané iku Angudanèni marang apa kang ana sajroning *ati.*

Ar. *dhadha*

يُوْلِجُ الَّيْلَ فِي النَّهَارِ وَيُوْلِجُ النَّهَارَ
فِي الَّيْلِ ۚ وَهُوَ عَلِيْمٌ ۢ بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ﴿٦﴾

7 Padha angèstua ing Allah lan Utusan-É, sarta angetokna apa kang *marakaké* Panjenengané andadèk-aké sira dadi gegenti; amarga para kang angèstu saka ing antaranira lan angetokaké (bandha), bakal padha olèh ganjaran gedhé.

Ar. *ing kono*

اٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَاَنْفِقُوْا مِمَّا
جَعَلَكُمْ مُّسْتَخْلَفِيْنَ فِيْهِ ۚ فَالَّذِيْنَ
اٰمَنُوْا مِنْكُمْ وَاَنْفَقُوْا لَهُمْ اَجْرٌ كَبِيْرٌ ﴿٧﴾

8 Lan apa karananira, déné sira ora angèstu ing Allah, lan Utusan iku angajak sira supaya sira padha angèstu ing Pangéranira, lan sa-yekti Panjenengané wus amundhut prajanjinira, manawa sira padha wong angèstu.[2445]

وَمَا لَكُمْ لَا تُؤْمِنُوْنَ بِاللّٰهِ ۚ وَالرَّسُوْلُ
يَدْعُوْكُمْ لِتُؤْمِنُوْا بِرَبِّكُمْ وَقَدْ اَخَذَ
مِيْثَاقَكُمْ اِنْ كُنْتُمْ مُّؤْمِنِيْنَ ﴿٨﴾

---

samudayanipun, boten wonten satunggal punapa ingkang ngungkuli Paduka, saha Paduka punika *al-Bâthin*, inggih punika *Ingkang-Nguningani* barang ingkang sumingid, boten wonten satunggal punapa ingkang sumingid saking Paduka" (JB). Pranyata adiluhung temenan paham bab sifating Pangéran ingkang kawedharaken ing ngriki punika!

2445. Para angèstu, ingkang katuju ing dhawuh punika, sami kadhawuhan supados ingkang setya dhateng imanipun tuwin ambangun tindakipun laras kaliyan i'tikadipun.

9 Panjenengané iku Kang anurunaké timbalan-timbalan kang cetha marang kawula-Né, supaya dhèwèké angetokaké sira saka pepeteng marang padhang; lan sayekti Allah iku marang sira temen Welas, Mahaasih.

هُوَ الَّذِىْ يُنَزِّلُ عَلٰى عَبْدِهٖۤ اٰيٰتٍۢ
بَيِّنٰتٍ لِّيُخْرِجَكُمْ مِّنَ الظُّلُمٰتِ اِلَى
النُّوْرِ ؕ وَ اِنَّ اللّٰهَ بِكُمْ لَرَءُوْفٌ رَّحِيْمٌ ﴿۹﴾

10 Lan apa karananira, déné sira padha ora angetokaké (bandha) ing dadalaning Allah? lan kagunganing Allah warisan langit-langit lan bumi iku; ora padha sira kang angetokaké (bandha) ing sadurungé kamenangan[2446] sarta perang (karo kang ora): dhèwèké iku luwih gedhé drajaté tinimbang para kang angetokaké (bandha) ing sawisé sarta perang; lan Allah wis anjanjèni kabecikan marang kabèh iku; lan Allah iku marang apa kang padha sira lakoni Waspada.

وَ مَا لَكُمْ اَلَّا تُنْفِقُوْا فِىْ سَبِيْلِ اللّٰهِ
وَ لِلّٰهِ مِيْرَاثُ السَّمٰوٰتِ وَ الْاَرْضِ ؕ
لَا يَسْتَوِىْ مِنْكُمْ مَّنْ اَنْفَقَ مِنْ قَبْلِ
الْفَتْحِ وَ قٰتَلَ ؕ اُولٰٓئِكَ اَعْظَمُ دَرَجَةً
مِّنَ الَّذِيْنَ اَنْفَقُوْا مِنْۢ بَعْدُ وَ قٰتَلُوْا ؕ
وَ كُلًّا وَّعَدَ اللّٰهُ الْحُسْنٰى ؕ وَ اللّٰهُ
بِمَا تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ﴿۱۰﴾

RUKU' 2

Papadhanging Iman

11-12. Para angèstu sami tinuntun ing papadhanging iman. 13-15. Para lamis boten angsal padhang. 16-19. Para angèstu sami dipun pupurun dhateng barang ingkang makantukaken papadhang lan ganjaran.

a. 321

11 Sapa sing misungsung ing Allah kalawan pisungsung kang becik;[a] lah Panjenengané bakal anikeli iku paparingé, sarta dhèwèké bakal oléh ganjaran kang linuhung.

مَنْ ذَا الَّذِىْ يُقْرِضُ اللّٰهَ قَرْضًا حَسَنًا
فَيُضٰعِفَهٗ لَهٗ وَ لَهٗۤ اَجْرٌ كَرِيْمٌ ﴿۱۱﴾

2446. *Kamenangan* punika tegesipun bedhahipun nagari Makkah. Limrahipun tembung *fath* punika manawi bawa piyambak, mesthi dipun tegesi bedhahipun nagari Makkah (Rz). Jaman sadèrènging bedhahipun nagari Makkah, panguwaosipun titiyang Muslimin dèrèng saged jumeneng kalayan kekah; Islam kinepang wakul binaya mangap déning para mengsah: awit saking punika, ngemungaken tiyang ingkang sampun sawéga ngurbanaken nyawanipun kanggé nglabuhi yakti kémawon, ingkang wantun anggolong dhateng kalangan Islam kalayan ngeblak. Para titiyang wau sami kurban ageng-agengan, déné titiyang ingkang anggènipun nyemplung dhateng kalangan Islam ing sasampunipun panguwaos Muslimin nyrambahi ing satanah Arab, punika sami boten naté nandhang panganiaya kados ingkang kasandhang déning para Muslimin ingkang rumiyin-rumiyin, makaten ugi inggih boten akurban karana nglabuhi yakti kados pangurbananipun para angèstu jaman wiwitan wau. Kedah dipun pèngeti, bilih para sing andhisiki, ingkang kasebutaken wonten ing 56: 10, punika wonten ing ngriki kasebutaken

12 Ing dina iku sira bakal weruh wong mukmin lanang lan wong mukmin wadon – papadhangé sumorot saka ngarepé lan saka tanganè tengen[2447] – pawarta bubungah marang sira ing dina iki: patamanan kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, amurih padha manggona ing kono; iku pakolèh kang gedhé.

Ar. *ngisoré*

يَوْمَ تَرَى الْمُؤْمِنِيْنَ وَ الْمُؤْمِنٰتِ
يَسْعٰى نُوْرُهُمْ بَيْنَ اَيْدِيْهِمْ وَ
بِاَيْمَانِهِمْ بُشْرٰىكُمُ الْيَوْمَ جَنّٰتٌ
تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ
فِيْهَا ؕ ذٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيْمُ ﴿١٢﴾

13 Ing dinané para lamis lanang lan para lamis wadon bakal padha calathu marang para mukmin: Aku padha entènana, supaya bisa nempil papadhangmu, bakal dicalathoni: Padha balia manèh, banjur ngupayaa papadhang. Tumuli dianani aling-aling pager, ing kono ana lawangé; ing jeroné isi nugraha, lan ing jabané sisih ngarepé isi siksa.[2448]

يَوْمَ يَقُوْلُ الْمُنٰفِقُوْنَ وَ الْمُنٰفِقٰتُ
لِلَّذِيْنَ اٰمَنُوا انْظُرُوْنَا نَقْتَبِسْ مِنْ
نُّوْرِكُمْ ۚ قِيْلَ ارْجِعُوْا وَرَآءَكُمْ
فَالْتَمِسُوْا نُوْرًا ؕ فَضُرِبَ بَيْنَهُمْ بِسُوْرٍ
لَّهٗ بَابٌ ؕ بَاطِنُهٗ فِيْهِ الرَّحْمَةُ وَظَاهِرُهٗ
مِنْ قِبَلِهِ الْعَذَابُ ﴿١٣﴾

14 Bakal padha anguwuh-uwuh dhèwèké: Apa aku iki padha dudu kancamu? Wangsulané: Iya! ananging kowé padha maéka awakmu dhéwé lan angajap-ajap[2449] tuwin semang-semang, apa déné kowé kajalomprongaké déning pangangsa-angsa, nganti tekané pidananing Allah;[2450] juru-apus palacidra wus anjalomprongaké kowé prakara Allah.

يُنَادُوْنَهُمْ اَلَمْ نَكُنْ مَّعَكُمْ ؕ قَالُوْا بَلٰى
وَلٰكِنَّكُمْ فَتَنْتُمْ اَنْفُسَكُمْ وَ تَرَبَّصْتُمْ
وَ ارْتَبْتُمْ وَ غَرَّتْكُمُ الْاَمَانِيُّ حَتّٰى جَآءَ
اَمْرُ اللّٰهِ وَ غَرَّكُمْ بِاللّٰهِ الْغَرُوْرُ ﴿١٤﴾

---

kalayan terang, bilih inggih para titiyang ingkang sami akurban karana Islam sadèrèngipun nagari Makkah bedhah punika, mirsanana 2428.

2447. Papadhanging iman ingkang anuntun para angèstu dhateng yakti, punika ing dinten kiyamat badhé dados papadhang ingkang gumelar cetha awewèntèhan.

2448. Nadyan ngantos sawatawis wekdal para lamis lastantun campur kaliyan para angèstu, suprandéné ing gesang sapunika punika ugi boten wurung wonten pipisahan. Rèhning ing dinten kiyamat sadaya barang ingkang sumingid-sumingid badhé gumelar ngeblak, mila para lamis inggih badhé boten angsal papadhang. Jalaran ing gesang sapunika piyambakipun inggih boten gadhah papadhanging iman.

2449. Para tiyang munafék (para lamis) sami gadhah pangajeng-ajeng titiyang Muslimin mesthi badhé nemahi lebur déning kakiyataning mengsah-mengsahipun.

2450. *Amrullâh* tegesipun pidananing Allah ingkang kaancamaken (LL).

15 Mulané ing dina iki tebusan saka sira ora bakal tinampa, mangkono uga saka para kang kafir; padununganira iku geni; iku mitranira[2451] sarta ala padunungan iku.

فَالْيَوْمَ لَا يُؤْخَذُ مِنْكُمْ فِدْيَةٌ وَّلَا مِنَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا ۗ مَأْوٰىكُمُ النَّارُ ۗ هِيَ مَوْلٰىكُمْ ۗ وَبِئْسَ الْمَصِيْرُ ﴿١٥﴾

16 Apa durung wayahé tumrap para kang padha angèstu, yèn konjema atiné tumrap éling maring Allah sarta (marang) kasunyatan kang wus katurunaké? Sarta ora kaya para kang wus kaparingan Kitab biyèn, ananging tumrapé dhèwèké waktuné diulur, mulané padha atos atiné, lan sing akèh dhèwèké iku padha murang yekti.

اَلَمْ يَأْنِ لِلَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اَنْ تَخْشَعَ قُلُوْبُهُمْ لِذِكْرِ اللّٰهِ وَمَا نَزَلَ مِنَ الْحَقِّ ۙ وَلَا يَكُوْنُوْا كَالَّذِيْنَ اُوْتُوا الْكِتٰبَ مِنْ قَبْلُ فَطَالَ عَلَيْهِمُ الْاَمَدُ فَقَسَتْ قُلُوْبُهُمْ ۗ وَكَثِيْرٌ مِّنْهُمْ فٰسِقُوْنَ ﴿١٦﴾

17 Padha weruha, yèn Allah anguripaké bumi sawusing matiné; sayekti Ingsun anerangaké timbalan-timbalan iku tumrap marang sira, supaya sira padha mangerti.

اِعْلَمُوْٓا اَنَّ اللّٰهَ يُحْيِ الْاَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۗ قَدْ بَيَّنَّا لَكُمُ الْاٰيٰتِ لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُوْنَ ﴿١٧﴾

18 Sayekti, para wong loma lanang lan wong loma wadon, sarta para kang amisungsung Allah kalawan pisungsung kang becik, Panjenengané bakal aparing tikel marang dhèwèké sarta dhèwèké bakal olèh ganjaran linuhung.

اِنَّ الْمُصَّدِّقِيْنَ وَالْمُصَّدِّقٰتِ وَاَقْرَضُوا اللّٰهَ قَرْضًا حَسَنًا يُّضٰعَفُ لَهُمْ وَلَهُمْ اَجْرٌ كَرِيْمٌ ﴿١٨﴾

2451. Ing ngriki latu (neraka) punika kasebut *maulâ*, jawinipun *mitra utawi wali (ingkang suka pangayoman) tumrap para kafir*. Ingkang makaten punika anedahaken bilih anggènipun sami badhé nandhang siksaning naraka punika karana nganggé nyaékaken para titiyang wau. Malah ing panggènan sanès naraka punika kawarna kadi déné panggènan utawi kawontenan ingkang ing wekasanipun badhé ngresikakaken tiyang, kados déné latu angresikakaken kencana saking reregedipun. Para ingkang nalikanipun wonten ing gesang sapunika boten nyamektani awakipun kanggé ing gesang sasampuning pejah, ing gesang ing bénjing perlu dipun resiki rumiyin tindakipun ingkang awon saha tumiyungipun ingkang awon, murih piyambakipun saged mangun kamajengan ruhani ingkang kanggé ing gesang samawi (gesang kasuwargan). Dados pangresikan, ingkang tembungipun sanès: *naraka*, punika tataran ingkang perlu lan dipun betahaken kanggé anjangkepi utawi nyampurnakaken ruhaniyahipun tiyang ingkang boten purun migunakaken wewengan ingkang kaparingaken dhateng piyambakipun nalika wonten ing gesang sapunika punika. Siksaning gesang ing bénjing anggigirisi, punika kabekta saking pangraosipun ruh ing bénjing punika kalangkung landhep, ingkang boten sanès sababipun kajawi margi ruh wau sampun uwal saking wadhahipun ingkang bangsa dunyawi (inggih punika badan wadhag ingkang kaanggé ing sapunika). Dados, nugraha lan siksa punika ing akhirat dados langkung gumana (langkung anggigirisi tumrapipun siksa, langkung nikmat tumrapipun nugraha).

19 Lan para kang padha angèstu ing Allah tuwin para Utusan-É, iki para temen lan para susatya ana ing *paningaling* Pangérané: bakal padha olèh *ganjaran* lan *papadhang*; lan para kang padha kafir anggorohaké timbalan-timbalan-Ingsun, iki kang ngenggoni naraka.

وَالَّذِينَ آمَنُوا بِاللَّهِ وَرُسُلِهِ أُولَٰئِكَ
هُمُ الصِّدِّيقُونَ ۖ وَالشُّهَدَاءُ عِنْدَ
رَبِّهِمْ لَهُمْ أَجْرُهُمْ وَنُورُهُمْ ۖ
وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا
أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ الْجَحِيمِ ﴿١٩﴾

RUKU' 3

Kasenenganipun para kafir punika boten dangu

20. Kasenenganipun para kafir badhé dipun éwahi dados siksa. 21. Agenging ganjaranipun para mukmin. 22-24. Kedah kuwawi kalayan sabar nandhang rekaos. 25. Adil punika ingkang nedha kaukumipun para dosa.

20 Padha weruha, yèn kauripan donya iku mung kasenengan lan dolanan sarta papaès umuk-umukan ing antaranira apa déné akèh-akèhan bandha lan anak[2452] kaya upamané udan, kang ambungahaké para among tani[2452A] anggoné anukulaké tanem-tuwuh; banjur alum sira deleng katon kuning, tumuli dadi anggogrogi;[2453] lan ing akhirat ana siksa kang abot lan ana (uga)

اعْلَمُوا أَنَّمَا الْحَيَاةُ الدُّنْيَا لَعِبٌ وَ
لَهْوٌ وَزِينَةٌ وَتَفَاخُرٌ بَيْنَكُمْ وَ
تَكَاثُرٌ فِي الْأَمْوَالِ وَالْأَوْلَادِ ۖ كَمَثَلِ
غَيْثٍ أَعْجَبَ الْكُفَّارَ نَبَاتُهُ ثُمَّ يَهِيجُ
فَتَرَاهُ مُصْفَرًّا ثُمَّ يَكُونُ حُطَامًا ۖ
وَفِي الْآخِرَةِ عَذَابٌ شَدِيدٌ وَمَغْفِرَةٌ

2452. *Kauripan donya iki*, punika wonten ing Quran suci ateges *gesang nguja kasenengan lahan*, kados ingkang kacetha ing dhawuh punika. Suraosing dhawuh: gesang punika kedahipun kaanggep wigatos temen, boten dipun pigunakaken kanggé manggung mangun suka tuwin nguja kasenengan donya, wangsul dipun pigunakna ingkang tundhonipun dhateng kasaénan. Ing kalanganipun babrayan ingkang sampun majeng, tiyang ingkang sabagéan kathah, jaler utawi èstri sami kémawon, wonten ing gesangipun sadinten-dinten saya dangu saya tebih panyingkuripun dhateng kawigatosanipun gesang wau

2452A. Tembung *kuffâr*, ingkang miturut pamanggihipun sadaya para saged ateges *para among tani* tumrapipun wonten ing ngriki, punika *jama'*-ipun tembung *kafir*, ingkang wonten ing sagemblengipun Quran dipun agem kalayan mengku teges *tiyang ingkang boten angèstu*. Nanging tumrap wonten ing dhawuh ngriki boten patosa mathuk manawi dipun tegesi tiyang kafir (boten angèstu). Dados tétélanipun sok wonten kalamasanipun, tegesing satunggaling tembung ingkang sampun misuwur, punika malah sok adamel seling-serep, mila kala-kadhing kita sok kapeksa nganggé teges sanès, ingkang béda kaliyan teges adat sabenipun.

2453. Nasibipun para kafir, inggih punika para ingkang nganggep dolanan gesangipun, kasanépakaken kados déné thuthukulan ingkang boten dangu lajeng dados alum saha lajeng garing. Sanépa punika anedahaken bilih panguwaosipun mesthi tumunten badhé ambruk. Bab punika kacethakaken malih déning dhawuh candhakipun: *lan ing akhirat ana siksa kang abot*. Nanging dhawuh punika ugi dados pèpènget dhateng para Muslimin, inggih punika manawi para Muslimin sembrana gesangipun, panguwaosipun mesthi ugi badhé sirna atanpa tilas.

pangapura saka ing Allah sarta pirena(-Né);[2454] lan kauripan donya iku ora liya kajaba sarana anjalomprongaké.

مِّنَ اللّٰهِ وَرِضْوَانٌ ۗ وَمَا الْحَيٰوةُ الدُّنْيَآ اِلَّا مَتَاعُ الْغُرُوْرِ ﴿٢٠﴾

21 Padha rebut-dhisika marang pangapura saka Pangéranira sarta (marang) swarga kang jembaré kaya jembaring langit lan bumi;[2454A] disadhiyakaké tumrap marang para kang padha angèstu ing Allah lan para Utusan-É; iku lubèring paparingé Allah; Panjenengané amaringaké iku marang sapa kang dadi kaparenging karsa-Né; lan Allah iku Kang-Kagungan lubèring paparing kang gedhé.

سَابِقُوْٓا اِلٰى مَغْفِرَةٍ مِّنْ رَّبِّكُمْ وَجَنَّةٍ عَرْضُهَا كَعَرْضِ السَّمَآءِ وَالْاَرْضِ ۙ اُعِدَّتْ لِلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا بِاللّٰهِ وَرُسُلِهٖ ۗ ذٰلِكَ فَضْلُ اللّٰهِ يُؤْتِيْهِ مَنْ يَّشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيْمِ ﴿٢١﴾

22 Ora ana riribed kalakon ing bumi utawa ing jiwanira dhéwé, kajaba wis ana ing dalem kitab ing sadurungé Ingsun anganakaké iku; sayekti, iki ingatasé Allah gampang;

مَآ اَصَابَ مِنْ مُّصِيْبَةٍ فِى الْاَرْضِ وَلَا فِيْٓ اَنْفُسِكُمْ اِلَّا فِيْ كِتٰبٍ مِّنْ قَبْلِ اَنْ نَّبْرَاَهَا ۗ اِنَّ ذٰلِكَ عَلَى اللّٰهِ يَسِيْرٌ ﴿٢٢﴾

23 Supaya sira aja susah prakara barang kang ucul saka ing sira lan aja abungah-bungah déning barang

لِّكَيْلَا تَأْسَوْا عَلٰى مَا فَاتَكُمْ وَلَا تَفْرَحُوْا

2454. Kapèngetana, saben mangandikakaken siksa, mesthi mawi nyebutaken apuntenipun Pangéran. Punika anedahaken bilih sifat sih-wilasa punika sifatipun Pangéran ingkang anglimputi piyambak.

2454A. Ing ngriki kapangandikakaken bilih suwarga punika jembaripun sami kaliyan jembaring langit lan bumi. Pratélan makaten punika ugi kasebut wonten ing 3: 132, makaten: "lan padha gagancangana marang paramartaning Pangéranira lan marang taman kang jembaré padha karo langit-langit lan bumi." Pratélan kakalih punika saged kita anggé ular-ular kanggé anggagapi pangertosan Islam bab suwarga. Suwarga punika boten kawatesan dados araning satunggaling panggènan ingkang tartamtu, nanging jembar sawiyaring langit lan bumi. Gagandhèngan kaliyan pratélan ing 3: 132, wonten lalampahan makaten: "Satunggaling dutanipun Sang Heraclius nyuwun pirsa dhateng Kanjeng Nabi makaten: manawi suwarga punika wiyaripun sami kaliyan wiyaripun langit-langit lan bumi, lah naraka wonten ing pundi? Kanjeng Nabi lajeng ngandika: سبحان الله فاين الليل اذا جاء النهار *Mahasuci Allah, wengi ana ngendi samangsa awan iku tumeka?* (Rz). Ayat kakalih kasebut nginggil tuwin lalampahan punika anedahaken kalayan terang bilih suwarga lan naraka punika sanès namanipun panggènan kakalih, nanging menggah ing sajatos- jatosipun kawontenan kakalih; awit manawi suwarga punika namanipun satunggaling panggènan ingkang tartamtu, naraka lajeng boten wonten, jalaran miturut ayat kakalih wau suwarga punika sampun angebaki papan. Punika saged maringi karampungan ingkang kalayan gumathok suwarga lan naraka punika punapa.

paparing-É marang sira; lan Allah iku ora remen marang wong kang anggep, umuk:

بِمَآ اٰتٰىكُمْ ۗ وَاللّٰهُ لَا يُحِبُّ كُلَّ
مُخْتَالٍ فَخُوْرٍ ۙ﴿٢٣﴾

24 Para kang padha cethil lan angajani wong supaya cethil; lan sapa sing maléngos, lah sayekti Allah iku Ingkang-cukup-Pribadiné, Ingkang-Pinuji.

الَّذِيْنَ يَبْخَلُوْنَ وَيَأْمُرُوْنَ النَّاسَ
بِالْبُخْلِ ۗ وَمَنْ يَّتَوَلَّ فَاِنَّ اللّٰهَ
هُوَ الْغَنِيُّ الْحَمِيْدُ ﴿٢٤﴾

25 Sayekti, temen Ingsun wus angutus para utusan-Ingsun kalawan tandhayekti-tandhayekti cetha sarta anurunaké kitab lan traju *kaampil* dhèwèké,[2455] supaya para manusa tumindak kalawan adil; lan Ingsun *anganakaké* wesi,[2456] ing kono isi paripaksa gedhé sarta paédah tumrap para manusa, lan supaya Allah angudanèni sapa sing ambantu Panjenengané sarta para utusan-É kalawan *sidheman*; sayekti Allah iku Prakosa, Kinawasa.

Ar. *sartané*

Ar. *anurunaké*

Ar. *samar*

لَقَدْ اَرْسَلْنَا رُسُلَنَا بِالْبَيِّنٰتِ وَ
اَنْزَلْنَا مَعَهُمُ الْكِتٰبَ وَالْمِيْزَانَ لِيَقُوْمَ
النَّاسُ بِالْقِسْطِ ۚ وَاَنْزَلْنَا الْحَدِيْدَ
فِيْهِ بَأْسٌ شَدِيْدٌ وَّمَنَافِعُ لِلنَّاسِ
وَلِيَعْلَمَ اللّٰهُ مَنْ يَّنْصُرُهٗ وَرُسُلَهٗ
بِالْغَيْبِ ۗ اِنَّ اللّٰهَ قَوِيٌّ عَزِيْزٌ ﴿٢٥﴾

2455. Punapa tegesipun *mîzân*, utawi *traju* punika, kula aturi mirsani 2407. Pratélan ing ngriki punika sampun terang sanget, awit kasebutaken bilih ingkang kasedya déning tumuruning *mîzân* punika supaya manusa padha atindak kalawan adil. Dados *mîzân* punika ateges *tatanan kaadilan* utawi *wawatoning adil*. Bd anggènipun nerangaken tembung wau makaten: "murih kalayan *mîzân* wau wewenang-wewenang saged dipun pikantuk kalayan adil lan supados adil saged jumeneng." Déné tegesipun *katurunaken*, kula aturi mirsani katerangan ing ngandhap.

2456. Saking èwonipun barang pepelikan ingkang kénging kalebur (*métal*), boten wonten ingkang kabuktèn ageng pigunanipun ngungkuli tosan. Ing alam kamajengan, tosan punika kanggénipun wigatos sanget, ngantos kénging winastan tangèh lamun alam kamajengan saged tumuwuh saya majeng-majeng manawi tanpa wonten tosan. Pikiranipun tiyang Arab 1300 taun kapengker mesthi kémawon boten patosa terang gamblang kados kula sami ing jaman samangké anggènipun nyuraos suraosipun dhawuh punika. Kedah dipun pèngeti bilih *inzâl* (lingganipun tembung *anzala*) punika boten namung ateges anurunaken barang saking nginggil mangandhap kémawon, nanging ugi ateges *nuwuhaken* utawi *nitahaken sarana kanggé angwontenaken barang wau* (Rz). Lah inggih awit saking punika mila ing Quran suci tembung punika kagem nembungaken paparingipun Pangéran sandhangan ingkang dipun anggé déning manusa, makaten ugi kanggé nembungaken paparingipun Pangéran rajakaya lan sapiturutipun.

Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih *tosan* kasebutaken ing dhawuh punika kanthi mengku sasmita panglawan dhateng mengsah, ingkang minangka daya pamungkas mesthi badhé dipun ecakaken kalayan mawi migunakaken dadamel. Rz suka katerangan warni-warni bab barang warni tiga ingkang kasebutaken wonten ing ngriki punika, inggih punika *Kitab*, *taraju* lan *tosan*. Salah satunggaling kateranganipun makaten: sasambetanipun manusa kaliyan Allah, punika kapancasan kalayan Kitab (inggih punika wahyuning Pangéran); sasambetanipun manusa kaliyan manusa umumipun, kapancasan kalayan *mizan* inggih punika wawatoning adil; déné sasambetanipun manusa kaliyan mengsah-mengsahipun, kapancasan kalayan *hadid*, inggih punika dadamel utawi paprangan

RUKU' 4

Nugrahanipun Pangéran tumrap para mukmin

26, 27. Kapandhitan punika sanès tatananipun Pangéran. 28, 29. Ganjaran ageng kacadhangaken dhateng para mukmin.

26 Lan sayekti Ingsun wus angutus Nuh lan Ibrahim, lan Ingsun *aparing* kanabian *marang* turuné sakaroné sarta Kitab; lan sawenèhing (turuné mau) angambah dalan bener, lan sing akèh padha murang yekti.

Ar. *andadèkaké ing dalan*

وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا نُوحًا وَإِبْرَاهِيمَ وَ
جَعَلْنَا فِي ذُرِّيَّتِهِمَا النُّبُوَّةَ وَالْكِتَابَ
فَمِنْهُمْ مُهْتَدٍ ۖ وَكَثِيرٌ مِنْهُمْ فَاسِقُونَ ﴿٢٦﴾

27 Tumuli ing tapak tilasé Ingsun tungka kalawan para utusan-Ingsun sarta Ingsun tungka kalawan 'Isa anak lanangé Maryam lan iki Ingsun paringi Injil; lan Ingsun andadèkaké welas lan sih ing dalem atiné para kang manut dhèwèké; *déné* kapandhitan, iku tindak gagrag anyar – Ingsun ora majibaké iku marang dhèwèké – mung angupaya pirenaning Allah, ananging dhèwèké padha ora nganggo pangati-ati kalawan satuhuning pangati-atiné;[2457] mulané Ingsun aparing pituwasé marang sawenèhé kang padha iman, lan sing akèh padha murang yekti.

ثُمَّ قَفَّيْنَا عَلَىٰ آثَارِهِمْ بِرُسُلِنَا
وَقَفَّيْنَا بِعِيسَى ابْنِ مَرْيَمَ وَآتَيْنَاهُ
الْإِنْجِيلَ ۙ وَجَعَلْنَا فِي قُلُوبِ
الَّذِينَ اتَّبَعُوهُ رَأْفَةً وَرَحْمَةً ۚ
وَرَهْبَانِيَّةً ابْتَدَعُوهَا مَا كَتَبْنَاهَا
عَلَيْهِمْ إِلَّا ابْتِغَاءَ رِضْوَانِ اللَّهِ فَمَا
رَعَوْهَا حَقَّ رِعَايَتِهَا ۖ فَآتَيْنَا الَّذِينَ
آمَنُوا مِنْهُمْ أَجْرَهُمْ ۖ وَكَثِيرٌ
مِنْهُمْ فَاسِقُونَ ﴿٢٧﴾

Katrangan sanèsipun, manusa punika wonten tiga (kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing surat 56), inggih punika: (1) tiyang ingkang rumiyin piyambak, inggih punika tiyang ingkang pangrengkuhipun dhateng manusa manut Kitab, tiyang sanès dipun sukani wewenangipun kalayan punapa mesthinipun, piyambakipun piyambak trimah boten purun migunakakaken wewenangipun; (2) tiyang ingkang nganggé margi tengah-tengah, tiyang sanès dipun sukani wewenangipun samurwatipun, piyambakipun piyambak inggih purun migunakaken wewenangipun inggih kalayan samurwatipun; tindak punika manut wawatoning adil; (3) tiyang ingkang boten adil, tiyang sanès boten dipun sukani wewenangipun ingkang sampun samesthinipun, nanging awakipun piyambak purun nganggé vewenangipun; tiyang makaten punika kedah dipun garap kalayan *hadid*, tegesipun sarana kakerasan tuwin pidana.

2457. Hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi لا رهبانية في الاسلام ingkang jawinipun: *ora ana kapandhitan ing dalem Islam*, punika cocog sanget kaliyan ayat punika. Ayat punika nyebutaken bilih dalasan ing antawisipun kapandhitan Nasrani, kapandhitan punika tatanan damelanipun piyambak, sanès saking dhawuhipun Pangéran, sanadyan inggih nyata, bilih ingkang kasedya déning anggènipun sami nganggé tatanan anyar wau muhung ngupados karilanipun Allah. Sapunika kaum Muslimin dados bangsa ingkang ageng; rèhning gugulanganipun kaum Muslimin

28 É, para kang padha angèstu! di padha tuhu-tuhu ing (wajibira maring) Allah lan padha angèstua marang utusan-É; Panjenengané bakal aparing marang sira rong bagéan saka wilasa-Né,[2458] sarta andadèkaké papadhang tumrap marang sira, kang bakal sira anggo mlaku, apa déné aparing panga-pura marang sira; lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا ٱتَّقُوا ٱللَّهَ وَءَامِنُوا
بِرَسُولِهِۦ يُؤْتِكُمْ كِفْلَيْنِ مِن رَّحْمَتِهِۦ
وَيَجْعَل لَّكُمْ نُورًا تَمْشُونَ بِهِۦ وَيَغْفِرْ
لَكُمْ ۚ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٢٨

29 Supaya para pandhèrèking Kitab padha weruha, yèn dhèwèké iku padha ora anguwasani babar pisan marang kamurahaning Allah lan yèn kamurahan iku ana ing astaning Allah; diparingaké marang sapa sing dadi karsa-Né; lan Allah iku Kang-Kagungan kamurahan gedhé.[2459]

لِّئَلَّا يَعْلَمَ أَهْلُ ٱلْكِتَٰبِ أَلَّا
يَقْدِرُونَ عَلَىٰ شَىْءٍ مِّن فَضْلِ ٱللَّهِ
وَأَنَّ ٱلْفَضْلَ بِيَدِ ٱللَّهِ يُؤْتِيهِ
مَن يَشَآءُ ۚ وَٱللَّهُ ذُو ٱلْفَضْلِ ٱلْعَظِيمِ ٢٩

punika sarwa pasaja, mangka titiyang Muslimin ugi kadhawuhan nyingkur kasenenganipun gesang sapunika punika, mila titiyang Muslimin kaparingan dhawuh, bilih sebagai bangsa, kaagunganipun wau gumantung ing tumuwuhing sadaya indriyanipun; milanipun salebetipun sami nglastantunaken anggènipun sarwa pasaja gesangipun, piyambakipun kedah boten manggung nindakaken tata-cara sawarni tata-cara kapandhitan wau. Pancèn nyata, tetep wonten ing margi ingkang tengah-tengah punika pancèn pakaryan ingkang angèling-angèl. Limrahipun, tiyang kathah punika manawi boten kemrikènen inggih kemrikanen. Nanging titiyang Muslimin kadhawuhan, boten kénging pisan-pisan keladuk dhateng kadonyan lan boten kénging keladuk dhateng kapandhitan, inggih punika piawon warni kalih, ingkang wonten ing dalem agami Nasrani cumetha kalayan kawujudanipun ingkang sakalangkung awon.

2458. *Sih-wilasa kalih bagéan* punika boten sanès ateges sih-wilasa ingkang agung. Ing dhawuh candhakipun sih wilasa kakalih ingkang kajanjèkaken ing ngriki punika katerangaken wiwijanganipun inggih punika: apuntening kalepatan tuwin paparing papadhang ingkang mangka tuntunan ing bénjingipun. Dados dhawuh punika boten ateges kados panyuraos ingkang kaprah punika, inggih punika bilih para angèstu saking antawisipun para pandhèrèking kitab badhé angsal ganjaran tikel kalih katimbang ganjaran ingkang kaparingakan dhateng para angèstu sanèsipun. Kedah dipun pèngeti bilih ganjaran ingkang langkung ageng punika wohing panyarempeng ingkang langkung sanget wonten ing margining yakti. Kula aturi mirsani 1888, ing ngriku katerangaken bilih ganjaran ingkang langkung ageng wau kabekta margi saking anggènipun sami setya-tuhu tuwin anggènipun sami nulak awon kalayan saé saha anggènipun sami purun nanjakaken sabarang ingkang sampun kaparingakan dhateng piyambakipun.

2459. Ganjaran ageng saking Allah ingkang badhé kadarbé déning para titiyang Muslimin, tuwin papadhang ingkang badhé nuntun lampahipun dhateng leres, punika mesthi badhé suka kayakinan dhateng para pandhèrèking kitab, bilih nugrahaning Allah punika boten tetep ing salami-laminipun dumunung wonten ing piyambakipun, sarta ing samangké Pangéran amilih titiyang Muslimin nganggé anggelar nugraha-Nipun.

سُورَةُ الْمُجَادَلَةِ مَدَنِيَّةٌ (٥٨)

SURAT 58

AL-MUJADILAH

(*Wanita ingkang milenggah*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*3 ruku', 22 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Pangayoman dhateng hakipun wanita.
Ruku' 2. Parepatan winados cinacad.
Ruku' 3. Mengsah ingkang sumingid kedah dipun wékani.

Namanipun lan babipun ingkang kawarsitakaken

Namanipun surat punika kapirid saking kawontenan ingkang kaandharaken wonten ing ruku'-ipun surat punika ingkang sapisan. Wonten tata-cara Arab kina ambucal sémah sarana nyebut biyung dhateng piyambakipun, nanging piyambakipun punika boten nama dipun pegat, lastantun dados sémah inggih boten. Satunggaling tiyang Islam nindakaken ingkang makaten punika. Sémahipun lajeng milenggah dhateng Kanjeng Nabi, sarta margi anggènipun milenggah wau, piyambakipun lajeng kasebut *wanita ingkang milenggah.* Nanging tata-cara wau lajeng kasuwak. Sagemblengipun ruku' ingkang kaping sapisan mligi kanggé ngandharaken bab prakawis punika. Ruku' ingkang kaping kalih nglepataken parepatan winados lumawan Kanjeng Nabi, ingkang asring sanget kelampahan wonten ing Madinah, margi Islam saya ageng kuwaosipun, para lamis lan para Yahudi sami tumut dhateng komplotan-komplotan punika. Ruku' ingkang kaping tiga mangandikakaken bab tiyang lamis lan tiyang Yahudi kalayan langkung cetha malih, sarta andhawuhaken dhateng para Muslimin supados prayitna dhateng para titiyang wau, tuwin rèhning piyambakipun punika dhateng Islam mengsah mungging cangklakan, mila kedah boten dipun ajak mimitran.

Gathuking suraosipun

Surat ingkang sampun nerangaken kamenangan-kamenangan titiyang Muslimin ing wekdal ingkang badhé dhateng; surat punika memènget para Muslimin bab upayanipun ingkang sinandi para mengsah-mengsahing Islam, ingkang ing sapunika katamakaken dhateng piyambakipun murih ambrukipun tan mangga puliha. Lampah agal tétéla boten angsal damel, sarta nadyan dipun mengsahi kalayan sakalangkung sanget, Islam tansah saya kekah adegipun. Awit saking punika, rèhning ing samangké mengsah mungging cangklakan migunakaken margi ingkang lembat, mila surat punika dipun agem memèngeti para Muslimin ing wontenipun babaya ingkang énggal wau.

Titimangsaning tumurunipun

Déné bab prakawis titimangsaning tumurunipun surat punika, ingkang umumipun para mufassir sarujuk mastani manawi Madaniyah, punika kénging kagolongaken boten let dangu ing sadèrèngipun surat ingkang kaing 33, tandhanipun tatacara *dzihâr*, punika wonten ing ngriki karembag kalayan panjang, nanging ing surat 33 namung kasebutaken kalayan cekak. Sarta prakawisipun Khaulah (mirsanana 2460) punika anedahaken bilih Kanjeng Nabi ngentosi rumiyin tumuruning wahyunipun Pangéran ing sadèrèngipun maringi pancasan; punika dados pasaksèn bilih bab *dzihâr* ingkang kasebutaken wonten ing 33: 4, punika tumurunipun ing sasampunipun surat punika. Bab *dzihâr* punika

RUKU' 1

Pangayoman dhateng hakipun wanita

1-4. Suwakipun cara ingkang nama dzihar sarta dhendhanipun. 5, 6. Kanjeng Nabi Suci kedah dipun turut.

JUZ XXVIII

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ⓪

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

قَدْ سَمِعَ اللّٰهُ قَوْلَ الَّتِيْ تُجَادِلُكَ فِيْ زَوْجِهَا وَتَشْتَكِيْٓ اِلَى اللّٰهِ ۖ وَاللّٰهُ يَسْمَعُ تَحَاوُرَكُمَا ۗ اِنَّ اللّٰهَ سَمِيْعٌۢ بَصِيْرٌ ①

1 Sayekti, Allah wis anguningani[2460] calathuné wong wadon kang milungguh marang sira prakara lakiné sarta asasambat marang Allah, lan Allah angudanèni wawan gunemira sakaroné; sayekti, Allah iku Miyarsa, Angudanèni.

اَلَّذِيْنَ يُظٰهِرُوْنَ مِنْكُمْ مِّنْ نِّسَاۤىِٕهِمْ مَّا هُنَّ اُمَّهٰتِهِمْ ۗ اِنْ اُمَّهٰتُهُمْ اِلَّا الّٰۤـِٔيْ

2 Ing antaranira, para kang aninggal rabiné kalawan angarani rabiné iku gegeré padha karo gegering biyungé[2461] – dhèwèké iku dudu biyungé; biyungé iku ora liya

wonten ingkang gadhah panganggep boten mantuk kawarsitakaken wonten ing ngriki; nanging kados déné ingkang sampun naté katerangaken wonten ing surat ingkang kaping kalih, ambrasta garap ingkang wengis dhateng tiyang èstri, punika salah satunggaling kabetahan ingkang angka satunggal tumrap satunggaling babrayan ingkang majeng. Pambangunan ingkang katindakaken déning Quran Suci mesthi boten badhé sampurna manawi Quran Suci boten migatosaken wewenang-wewenangipun sepalihing bangsa manusa. Lah inggih awit saking punika mila rembag bab kaagunganipun umat Islam punika mesthi kinanthèn nyebutaken bab wewenang-wewenangipun èstri tuwin bab sasambetan kaliyan èstri. Surat punika, manawi dipun laras kaliyan surat nginggilipun, saged suka tuladha ingkang makaten punika.

2460. سمع الله قولك tegesipun Allah miyarsakaké pangucapmu (LL). Tiyang èstri ingkang kasebutaken punika *Khaulah*, sémahipun Aus bin Shamit. Khaulah punika dipun pegat déning ingkang jaler manut tata cara Arab kina, inggih punika ingkang jaler ngucap makaten dhateng ingkang èstri: *Tumrap aku kowé iku kaya gegeré biyungku*. Tembung *dzihâr* punika karimbag saking tembung *dzhar*, tegesipun geger. Tetembungan makaten punika samangsa dipun ucapaken, jaler lan èstri lajeng dados pegat babar pisan, nanging pun èstri boten anggadhahi kamardikan nglampahi émah-émah malih. Kanjeng Nabi boten karsa nyampuri prakawis punika, ngantos sasampuning panjenenganipun nampèni wahyu punika inggjh punika ingkang wigatos nyuwak tatacara ingkang awon wau.

2461. Megat sémah cara makaten punika sampun katerangaken wonten ing 1967, inggih punika tafsiripun dhawuh 33: 4, ingkang ugi nyebutaken tata-cara punika. Nanging dhawuh ing ngriki punika langkung rumiyin tumurunipun, déné mila prakawis punika kasebutaken wonten ing 33: 4, punika namung mengku karsa nganggé nyuwak tata-cara sanèsipun.

kajaba kang nglahirakė awakė; sayekti, dhèwèkė iku angucapakė tembung kang jember sarta sawijining doracara; lan sayekti Allah iku Ambek-aksama, Aparamarta.

وَلَدْنَهُمْ ۗ وَإِنَّهُمْ لَيَقُولُونَ مُنكَرًا مِّنَ الْقَوْلِ وَزُورًا ۚ وَإِنَّ اللَّهَ لَعَفُوٌّ غَفُورٌ ٢

3 Lan para kang aninggal rabiné kalawan angarani rabiné iku gegeré padha karo gegering biyungé, banjur gelem anjabel apa kang wus diucapaké, kudu amardikakaké tawanan siji sadurungé anggrayang rabiné iku; sira dipépélingi (tumindak) mangkono iku; lan Allah iku marang sabarang lakunira Waspada.

وَالَّذِينَ يُظَاهِرُونَ مِن نِّسَائِهِمْ ثُمَّ يَعُودُونَ لِمَا قَالُوا فَتَحْرِيرُ رَقَبَةٍ مِّن قَبْلِ أَن يَتَمَاسَّا ۚ ذَٰلِكُمْ تُوعَظُونَ بِهِ ۚ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ٣

Ar. *ora nemu*

4 Ananging sapa sing *kasepèn sarana*, lah puwasaa rong sasi tanpa pedhot sadurungé anggrayang rabiné iku; lah sapa sing ora kuwat (puwasa), ya awèha pangan marang wong miskin suwidak; mangkono iku supaya sira angèstua ing Allah lan utusan-É, lan iku aweraning Allah, lan para kafir bakal olèh siksa kang nglarani.

فَمَن لَّمْ يَجِدْ فَصِيَامُ شَهْرَيْنِ مُتَتَابِعَيْنِ مِن قَبْلِ أَن يَتَمَاسَّا ۖ فَمَن لَّمْ يَسْتَطِعْ فَإِطْعَامُ سِتِّينَ مِسْكِينًا ۚ ذَٰلِكَ لِتُؤْمِنُوا بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ ۚ وَتِلْكَ حُدُودُ اللَّهِ ۗ وَلِلْكَافِرِينَ عَذَابٌ أَلِيمٌ ٤

5 Sayekti, para kang padha lumawan marang Allah lan utusan-É, bakal diasoraké kaya déné anggoné wis diasoraké para wong ing sadurungé; lan sayekti Ingsun wus anurunaké timbalan-timbalan kang terang, lan para kafir bakal olèh siksa kang ngasoraké.

إِنَّ الَّذِينَ يُحَادُّونَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ كُبِتُوا كَمَا كُبِتَ الَّذِينَ مِن قَبْلِهِمْ ۚ وَقَدْ أَنزَلْنَا آيَاتٍ بَيِّنَاتٍ ۚ وَلِلْكَافِرِينَ عَذَابٌ مُّهِينٌ ٥

6 Ing dinané Allah anangèkaké dhèwèké kabèh banjur anjalèntrèhaké marang dhèwèké apa kang wus padha dilakoni; Allah amèngeti iki, ananging dhèwèké padha lali, lan Allah iku tumrap samubarang Saksi.

يَوْمَ يَبْعَثُهُمُ اللَّهُ جَمِيعًا فَيُنَبِّئُهُم بِمَا عَمِلُوا ۚ أَحْصَاهُ اللَّهُ وَنَسُوهُ ۚ وَاللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ ٦

RUKU' 2

Parepatan wados cinacad

7-10. Parepatan wados lumawan Kanjeng Nabi. 11-13. Tatakrama salebeting pajagonganipun Kanjeng Nabi sarta kados pundi manawi nyuwun pirsa dhateng Panjenenganipun.

7 Apa sira ora andeleng, yèn Allah anguningani sabarang kang ana ing langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi? Ngendi ana pirembugan wadi wong telu, masthi Panjenengané kang angka papaté, lan yèn lima, Panjenengané kang angka nenemé, mangkono uga manawa luwih sathithik tinimbang iku utawa luwih akèh, masthi Panjenengané, anyartani dhèwèké, iya ana ngendi baé; banjur ing dina kiyamat Panjenengané bakal anjalèntrèhaké marang dhèwèké apa kang wus padha dilakoni; sayekti, Allah iku marang samubarang Uninga.[2462]

أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللّٰهَ يَعْلَمُ مَا فِي السَّمٰوٰتِ
وَمَا فِي الْأَرْضِ ۖ مَا يَكُوْنُ مِنْ نَّجْوٰى
ثَلٰثَةٍ إِلَّا هُوَ رَابِعُهُمْ وَلَا خَمْسَةٍ إِلَّا
هُوَ سَادِسُهُمْ وَلَا أَدْنٰى مِنْ ذٰلِكَ وَلَا
أَكْثَرَ إِلَّا هُوَ مَعَهُمْ أَيْنَ مَا كَانُوْا ۚ
ثُمَّ يُنَبِّئُهُمْ بِمَا عَمِلُوْا يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۗ
إِنَّ اللّٰهَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيْمٌ ﴿٧﴾

8 Apa sira ora andeleng para kang dilarangi apirembugan wadi, banjur bali manèh marang apa kang dilarangi mau, sarta padha apirembugan wadi[2463] prakara dosa lan mumungsuhan tuwin pambaléla marang Utusan iku; lan manawa dhèwèké anekani sira, awéh kalawan pakurmatan kang ora diagem Allah angurmati sira;[2464] lan ing sajroning atiné padha calathu:

أَلَمْ تَرَ إِلَى الَّذِيْنَ نُهُوْا عَنِ النَّجْوٰى
ثُمَّ يَعُوْدُوْنَ لِمَا نُهُوْا عَنْهُ وَيَتَنٰجَوْنَ
بِالْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ وَمَعْصِيَتِ الرَّسُوْلِ ۫
وَإِذَا جَاءُوْكَ حَيَّوْكَ بِمَا لَمْ يُحَيِّكَ
بِهِ اللّٰهُ ۙ وَيَقُوْلُوْنَ فِيْ أَنْفُسِهِمْ لَوْلَا

2462. Para titiyang kafir tuwin para titiyang Yahudi punika tansah sami sakuthon dhedhemitan lumawan Kanjeng Nabi tuwin titiyang Muslimin. Ing ngriki para titiyang wau sarni dipun pangandikani bilih Allah badhé nyandhekakaken tur ingkang kalayan tanpa tilas parepatanipun winados wau.

2463. Ingkang kapangandikakaken punika para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi sadaya.

2464. Tegesipun, dhèwèké padha mujèkaké sira mati lan nandhang karusakan, mangka karsané Allah sira uripa lan raharjaa. Wonten satunggaling hadits ingkang nyariyosaken manawi titiyang Yahudi sowan ing Kanjeng Nabi asring sami mungel makaten السام عليك jawinipun: *pati muga tetep ing kowé*, boten mungel السلام عليك jawinipun *rahayu muga tetep ing kowé*. Ukara warni kalih punika suwantenipun mèh sami.

بِهِ اللّٰهُ ۙ وَيَقُوْلُوْنَ فِيْٓ اَنْفُسِهِمْ لَوْلَا
يُعَذِّبُنَا اللّٰهُ بِمَا نَقُوْلُ ۗ حَسْبُهُمْ جَهَنَّمُ ۚ
يَصْلَوْنَهَا ۚ فَبِئْسَ الْمَصِيْرُ ﴿٨﴾

Yagéné Allah kok ora aniksa aku kabèh karana pangucapku? Naraka wis cukup tumrap marang dhèwèké; bakal padha nyemplung mrono, lan ala padunungan iki.

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا تَنَاجَيْتُمْ فَلَا
تَتَنَاجَوْا بِالْاِثْمِ وَالْعُدْوَانِ وَمَعْصِيَتِ
الرَّسُوْلِ وَتَنَاجَوْا بِالْبِرِّ وَالتَّقْوٰى ۗ
وَاتَّقُوا اللّٰهَ الَّذِيْٓ اِلَيْهِ تُحْشَرُوْنَ ﴿٩﴾

9 O, para kang padha angèstu! manawa sira rerembugan winadi, lah aja arerembugan prakara dosa lan mumungsuhan tuwin pambangkang marang Utusan, lan padha rerembugana prakara kabecikan sarta bakti; lan dituhu-tuhu ing (wajibira maring) Allah, kang sira iku bakal padha diimpun marang Panjenenganė.[2465]

اِنَّمَا النَّجْوٰى مِنَ الشَّيْطٰنِ لِيَحْزُنَ الَّذِيْنَ
اٰمَنُوْا وَلَيْسَ بِضَاۤرِّهِمْ شَيْـًٔا اِلَّا بِاِذْنِ
اللّٰهِ ۗ وَعَلَى اللّٰهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُوْنَ ﴿١٠﴾

10 Pirembugan winadi iku mung saka (panggawéné) sétan, supaya nusahaké[2466] para kang padha angèstu, lan ora bisa babar pisan agawé sangsarané, kajaba kalawan idining Allah, mulané para mukmin dipadha sumarah marang Allah.

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا قِيْلَ لَكُمْ
تَفَسَّحُوْا فِى الْمَجٰلِسِ فَافْسَحُوْا يَفْسَحِ
اللّٰهُ لَكُمْ ۚ وَاِذَا قِيْلَ انْشُزُوْا فَانْشُزُوْا
يَرْفَعِ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مِنْكُمْ ۙ وَالَّذِيْنَ
اُوْتُوا الْعِلْمَ دَرَجٰتٍ ۗ وَاللّٰهُ بِمَا
تَعْمَلُوْنَ خَبِيْرٌ ﴿١١﴾

11 O, para kang padha angèstu! samangsa ana ing pajagongan sira dicalathoni: Padha mingseda, lah mingseda angombèri, Allah bakal aparing kaombèran marang sira; lan samangsa dicalathoni: Menyata iya banjur menyata; Allah bakal angunggahaké darajaté para kang padha angèstu sarta para kang sinungan ngélmu, lan Allah iku marang apa kang sira lakoni Waspada.[2467]

2465. Islam boten rena dhateng wontenipun pakempalan-pakempalan winados, ingkang asring kémawon sejanipun punika badhé ngrisak angger-angger lan tata-tertib. Tiyang Muslimin kedahipun boten dados warganing pakempalan winados.

2466. *Haznahu*, *mudlari'*-ipun *yahzanu*, punika tegesipun sami kaliyan *ahzanahu* jawinipun: *andadèkaké ing dhèwèké nandhang susah*, utawi *nusahaké dhèwèké*, utawi *agawé susah* utawi *agawé ora senengé dhèwèké* (S, Msb-LL). Sétan gadhah sedya badhé adamel susahing para angèstu, nanging katerangaken ing dhawuh ngriki bilih réka-dayanipun pun sétan wau boten kadumugèn.

2467. Kados déné ingkang sampun naté kula terangaken ing ngajeng, kamajenganipun Islam anjalari para titiyang kathah sami byuk-byukan anggebyur dhateng kalangan Islam; para titiyang wau

12 O, para kang padha angèstu! samangsa sira nyuwun pirembug marang Utusan, asidhekaha dhisik sadurungé panyuwunira pirembug; iku luwih becik tumrapé sira lan luwih suci; nanging manawa sira *pinuju kasepèn,* lah sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[2468]

يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِذَا نَـٰجَيْتُمُ
ٱلرَّسُولَ فَقَدِّمُوا۟ بَيْنَ يَدَىْ نَجْوَىٰكُمْ
صَدَقَةً ۚ ذَٰلِكَ خَيْرٌ لَّكُمْ وَأَطْهَرُ ۚ
فَإِن لَّمْ تَجِدُوا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿١٢﴾

13 Apa sira kuwatir yèn ora (bisa) sidhekah dhisik sadurungé panyuwunira pirembug? Mulané, manawa sira ora nindakaké (iku), – lan Allah iku abali (wilasané) marang sira – iya anjumenengna salat lan angetokna zakat sarta ambangun turuta ing Allah lan utusan-É; lan Allah iku Waspada marang apa kang padha sira lakoni.

ءَأَشْفَقْتُمْ أَن تُقَدِّمُوا۟ بَيْنَ يَدَىْ
نَجْوَىٰكُمْ صَدَقَـٰتٍ ۚ فَإِذْ لَمْ تَفْعَلُوا۟
وَتَابَ ٱللَّهُ عَلَيْكُمْ فَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ
وَءَاتُوا۟ ٱلزَّكَوٰةَ وَأَطِيعُوا۟ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ ۚ
وَٱللَّهُ خَبِيرٌۢ بِمَا تَعْمَلُونَ ﴿١٣﴾

RUKU' 3

Mengsah ingkang sumingid kedah dipun wékani

14-19. Tiyang ingkang nedahaken mimitranipun dhateng tiyang Islam, nanging sajatosipun mengsah. 20, 21. Punika badhé dipun asoraken. 22. Sampun ngantos tiyang Islam angalap mitra piyambakipun.

14 Apa sira ora andeleng para kang angalap mitra kaum kang kabendon déning Allah? Dhèwèké iku dudu golonganira sarta dudu golongané, lan padha asumpah goroh, kang sarta padha weruh.[2469]

أَلَمْ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ تَوَلَّوْا۟ قَوْمًا غَضِبَ
ٱللَّهُ عَلَيْهِم مَّا هُم مِّنكُمْ وَلَا مِنْهُمْ
وَيَحْلِفُونَ عَلَى ٱلْكَذِبِ وَهُمْ يَعْلَمُونَ ﴿١٤﴾

---

perlu dipun wulangi trapsila tuwin patrap ingkang prayogi menggah ing budi-pakarti. Wonten ing pasamuwanipun, para titiyang wau sami uleng-ulengan lan suk-sukan murih saged linggih celak kaliyan Kanjeng Nabi Suci. Dhawuh supados sami nglonggari papan wonten ing pasamuwan-pasamuwan, punika saged ateges supados sami nglonggari papan nganggé nyedhiyani tiyang sanès, utawi ateges supados sampun sami suk-sukan linggihipun, wangsu1 ingkang kobét letipun antawisipun satunggal lan satunggalipun (Bd).

2468. Punika tuladhanipun satunggaling ayat ingkang kaanggep sampun dipun suwak tur kalayan tanpa wonten sababipun sakedhik-kedhika ingkang radi mèmper. Ayat sambetipun boten nyuwak ayat ing sadèrèngipun, nanging malah anedahaken bilih dhawuh ingkang wonten ing ayat 12 punika sanès wajib nanging namung kautamen, awit sidhekah ingkang wajib punika ngemungaken *zakat* kémawon, kados déné ingkang kacetha wonten ing dhawuh ingkang mungel *padha angadegna salat lan padha ambayara zakat* punika. Kedah dipun pèngeti ugi bilih Kanjeng Nabi lan kulawarganipun punika boten angsal punapa-punapa saking sidkah, awit Kanjeng Nabi lan sakulawarganipun kaawisan sanget nampèni sidkah.

2469. Tiyang ingkang binendon ing Allah punika titiyang Yahudi, déné tiyang ingkang sami ngan-

15 Allah anyawisi siksa abot tumrap dhèwèké; sayekti, apa kang ditindakaké iku ala.

أَعَدَّ اللَّهُ لَهُمْ عَذَابًا شَدِيدًا ۖ إِنَّهُمْ سَاءَ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿١٥﴾

16 Sumpahé padha dienggo tudhung, sarta padha nyimpang saka dadalaning Allah; mulané bakal padha olèh siksa kang ngasoraké.

اتَّخَذُوا أَيْمَانَهُمْ جُنَّةً فَصَدُّوا عَنْ سَبِيلِ اللَّهِ فَلَهُمْ عَذَابٌ مُهِينٌ ﴿١٦﴾

17 Bandhané lan anak-anaké ora bakal makolèhi kanggo lumawan Allah: iku wong-wonging geni padha ana ing kono pamanggoné.[2470]

لَنْ تُغْنِيَ عَنْهُمْ أَمْوَالُهُمْ وَلَا أَوْلَادُهُمْ مِنَ اللَّهِ شَيْئًا ۚ أُولَٰئِكَ أَصْحَابُ النَّارِ ۖ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿١٧﴾

18 Ing dinané Allah anangèkaké dhèwèké kabèh, dhèwèké banjur bakal padha sumpah marang Panjenenganė kaya anggoné sumpah marang sira sarta ngira, yèn awaké bakal olèh apa ta apa; o, sayekti dhèwèké iku wong goroh.[2471]

يَوْمَ يَبْعَثُهُمُ اللَّهُ جَمِيعًا فَيَحْلِفُونَ لَهُ كَمَا يَحْلِفُونَ لَكُمْ ۖ وَيَحْسَبُونَ أَنَّهُمْ عَلَىٰ شَيْءٍ ۚ أَلَا إِنَّهُمْ هُمُ الْكَاذِبُونَ ﴿١٨﴾

19 Sétan wus bisa angregem dhèwèké, banjur dhèwèké dilalèkaké élingé maring Allah; iku papanthaning sétan; o, sayekti, papanthaning sétan iku wong kang kapitunan.

اسْتَحْوَذَ عَلَيْهِمُ الشَّيْطَانُ فَأَنْسَاهُمْ ذِكْرَ اللَّهِ ۚ أُولَٰئِكَ حِزْبُ الشَّيْطَانِ ۚ أَلَا إِنَّ حِزْبَ الشَّيْطَانِ هُمُ الْخَاسِرُونَ ﴿١٩﴾

20 Sayekti, para kang tumindak lumawan Allah lan Utusan-É iku golonganė wong kang banget diasoraké.

إِنَّ الَّذِينَ يُحَادُّونَ اللَّهَ وَرَسُولَهُ أُولَٰئِكَ فِي الْأَذَلِّينَ ﴿٢٠﴾

21 Allah wus nulis: Sayekti Ingsun bakal menang, Ingsun lan para utusan-utusan; sayekti Allah iku Kuwat, Kinawasa.[2472]

كَتَبَ اللَّهُ لَأَغْلِبَنَّ أَنَا وَرُسُلِي ۚ إِنَّ اللَّهَ قَوِيٌّ عَزِيزٌ ﴿٢١﴾

---

cani piyambakipun, punika para lamis (JB). Titiyang Yahudi punika ugi ngecakaken pulitik mangro.

2470. Piweca punika ingkang tumrap titiyang Yahudi lan titiyang munafék, sampun kanyataan wahananipun kalayan mluwah-rnluwah, awit ing wasananipun nagari Madinah resik saking titiyang warni kalih wau.

2471. *Olèh apa ta apa*, tegesipun angsal pawadan ingkang kénging dipun anggé santolan.

2472. Kapèngetana, kayakinan ingkang kiyat dhateng badhé menangipun yakti ingkang wekasan,

22 Ora bakal sira mrangguli wong kang angèstu ing Allah lan dina akhir[2473] kang ngalap mitra sapa-sapa sing tumindak lumawan Allah lan Utusan-É, sanajan ta iku bapak-bapakné utawa anak-anaké utawa sadulur-saduluré, utawa sanak-sanaké,[2474] iki wong kang ing jeroning atiné wis Diukir iman sarta Dikuwataké kalawan wewedhar sabda saka Panjenengané; lan bakal padha Dilebokaké patamanan kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ing kono; Allah rena marang dhèwèké lan dhèwèké padha rena marang Panjenengané; iki papanthané Allah: o, sayekti, papanthané Allah iku para wong kang padha begja.

Ar. *ngisoré*

لَا تَجِدُ قَوْمًا يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ يُوَادُّونَ مَنْ حَادَّ اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَلَوْ كَانُوا آبَاءَهُمْ أَوْ أَبْنَاءَهُمْ أَوْ إِخْوَانَهُمْ أَوْ عَشِيرَتَهُمْ ۚ أُولَٰئِكَ كَتَبَ فِي قُلُوبِهِمُ الْإِيمَانَ وَأَيَّدَهُمْ بِرُوحٍ مِنْهُ ۖ وَيُدْخِلُهُمْ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا ۚ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُمْ وَرَضُوا عَنْهُ ۚ أُولَٰئِكَ حِزْبُ اللَّهِ ۚ أَلَا إِنَّ حِزْبَ اللَّهِ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ﴿٢٢﴾

---

ingkang kadhawuhaken ing ngriki punika. Ayat candhakipun inggih pinungkasan kalayan dhawuh ingkang nunggil suraos: *sayekti papanthané Allah iku para wong kang padha begja.*

2473. Kapèngetana, titiyang Muslimin punika katerangaken manawi sami angèstu ing Allah tuwin ing dinten akhir. Awit saking punika mila pratélanipun dhawuh punika namung mathuk manawi katumrapaken dhateng tiyang Muslimin.

2474. Ing dalem kawontenan peperangan antawisipun golongan kakalih, sasambetan mimitran kaliyan pancer-pancer mengsah, dipun awisi, awit ingkang makaten punika mesthi badhé nuwuhaken babaya ageng tumrap kaum Muslimin ingkang ringkih. Déné titiyang ingkang boten kagolong memengsahan saèstu kaliyan titiyang Muslimin, sampun kapranata ing dhawuh ingkang kasebut ing 6: 8, "tumrap para kang ora merangi sira karana agamanira sarta ora nundhung sira saka padununganira, Allah ora nglarangi sira yèn sira agawé becik lan atindak jejeg marang dhèwèké."

سُوْرَةُ الْحَشْرِ مَدَنِيَّةٌ (٥٩) — اٰيَاتُهَا ٢٤ — رُكُوْعَاتُهَا ٣

SURAT 59

AL-HASYR

(*Ukuman tundhung*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*3 ruku', 24 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Titiyang Yahudi ingkang kaukum tundhung.
Ruku' 2. Titiyang lamis cidra ing janji dhateng tiyang Yahudi.
Ruku' 3. Pèpènget.

Katerangan gerban

Surat punika mathuk sanget dipun namakaken *Al-Hasyr* utawi *ukuman tundhung*, awit bab ingkang kawarsitakaken wonten ing sagemblenging surat punika katundhungipun titiyang Yahudi Bani Nadlir, tuwin prakawis-prakawis ingkang tuwuh awit saking punika. Surat ingkang sampun maringi pèpènget dhateng para Muslimin bab pangrencananipun winados para Yahudi tuwin para munafék, déné surat punika maringi contonipun. Ruku' ingkang sapisan marsitakaken bab kéndhangipun para Yahudi wau tuwin bandha angsal-angsalanipun saking ngriku. Ruku' ingkang kaping kalih nerangaken para lamis sami prajanji dhateng para titiyang Yahudi bilih badhé suka pitulungan dhateng piyambakipun, nanging para lamis boten sami netepi prajanjianipun. Ruku' ingkang kaping tiga mungkasi surat punika, kaliyan piturut dhateng para angèstu tuwin nerangaken sawenèh sifat-sifatipun Pangéran ingkang anedahaken mahaagung tuwin mahasucinipun Pangéran.

Surat punika sampun boten wonten semang-semangipun malih tumurun ing Madinah, déné titimangsaning tumurunipun kénging katamtokakaken boten let dangu sasampuning kelampahan ngéndhangaken ingkang katerangaken wonten ing ngriku punika.

RUKU' 1

Tiyang Yahudi ingkang kaukum tundhung

1-4. Bani Nadhir kaukum tundhung. 5-10 Katemtuanipun barang-barang ingkang katilar.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
1 Sabarang kang ana ing langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi Mahasucèkaké Allah, lan Panjenengané iku Ingkang Kinawasa, Ingkang-Wicakasana.	سَبَّحَ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۚ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ①

2 Panjenengané iku kang wus anundhung para kang padha kafir golongan pandhèrèking Kitab saka padunungan nalika ukuman tundhung kang wiwitan;[2475] sira ora nyana, yèn dhèwèké padha metu, lan dhèwèké padha masthèkaké, yèn bètèng-bètèngé bisa angayomi awaké saka (siksaning) Allah; ananging Allah angrawuhi dhèwèké saka panggonan kang ora padha dikira-kira sarta andèkèk giris ana sajroning atiné; dhèwèké padha anggempur omahé kalawan tangané dhéwé sarta (kalawan) tangané para mukmin; mulané, padha ngalapa wulang, o, para kang padha duwé mripat![2476]

هُوَ الَّذِيْٓ اَخْرَجَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ اَهْلِ
الْكِتٰبِ مِنْ دِيَارِهِمْ لِاَوَّلِ الْحَشْرِ ؕ مَا
ظَنَنْتُمْ اَنْ يَّخْرُجُوْا وَظَنُّوْٓا اَنَّهُمْ مَّانِعَتُهُمْ
حُصُوْنُهُمْ مِّنَ اللّٰهِ فَاَتٰىهُمُ اللّٰهُ مِنْ
حَيْثُ لَمْ يَحْتَسِبُوْا ۗ وَقَذَفَ فِيْ
قُلُوْبِهِمُ الرُّعْبَ يُخْرِبُوْنَ بُيُوْتَهُمْ
بِاَيْدِيْهِمْ وَاَيْدِي الْمُؤْمِنِيْنَ ۗ فَاعْتَبِرُوْا
يٰٓاُولِي الْاَبْصَارِ ۝٢

2475. Panundhung ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika kalampahanipun nalika let nem wulan ing sasampunipun prang Uhud. Titiyang Bani Nadlir, inggih punika satunggaling pancer Yahudi ing Madinah ingkang ing sakawit bedhamén kaliyan Kanjeng Nabi, nyidrani prajanjianipun, mila lajeng kapidana sarana kakéndhangaken (Bkh). Lalampahan punika winastan *Kéndhang ingkang sapisan*, perlu kanggé anyilahaken kaliyan kéndhang ingkang kaping kalih, ingkang kalampahan nalika jamanipun Khalifah ‘Umar. Kéndhang ingkang kaping kalih punika kéndhangipun titiyang Yahudi ingkang sami dudunung wonten ing Khaibar dhateng Siriyah, inggih ingkang kawecakaken kalayan sasmita wonten ing tembung *awwalu-l-hasyri*, utawi panundhung kang sapisan, kanggé anyilahaken kaliyan panundhung *ingkang kaping kalih* utawi panundhung ingkang kantun. Andharan ing ngandhap punika katerangaken déning Rz: titiyang Bani Nadlir ngiket prajanjian kaliyan Kanjeng Nabi Suci, bilih badhé tetep nétral (boten tumut sinten-sinten) wonten ing antawising panjenenganipun lan mengsah-mengsahipun. Nalika Kanjeng Nabi unggul yudanipun wonten ing Badr, para titiyang Yahudi wau sami wicanten bilih panjenenganipun punika pranyata Nabi ingkang kajanjèkaken wonten ing Kitab Taurèt, margi menang prang; nanging nalika titiyang Muslimin nandhang pituna wonten ing prang Uhud, para titiyang Bani Nadlir lajeng sami anjabel prajanjianipun setya lan lajeng mecah prajanjiannipun bedhamén. Ka’b anakipun Asyraf lajeng bidhal dhateng nagari Makkah kaliyan prajurit kakapalan kawandasa sarta lajeng damel sekuthon kaliyan Abu Sufyan. Awit saking punika ing wasananipun Ka’b lajeng pinejahan, sarta Kanjeng Nabi andhawuhaken titiyang Bani Nadlir supados sami késah saking nagari Madinah. Para titiyang Bani Nadlir nyuwun inah sadasa dinten kanggé tata-tata, nanging Abdullah bin Ubaiy (bènggolipun para lamis) ngojok-ojoki tiyang Bani Nadlir supados sampun késah saking Madinah, kapurih sami lastantun kémawon wonten ing ngriku lan merangi Kanjeng Nabi, kanthi anjanjèkaken titiyangipun badhé dipun bantokaken. Abullah bin Ubaiy ugi aprajanji kaliyan tiyang Bani Nadlir, manawi titiyang Bani Nadlir kapeksa késah, piyambakipun inggih badhé tumut késah. Titiyang Bani Nadlir lajeng sami pacak baris wonten ing salebeting bebètèngipun. Sasampunipun kakepang ngantos salikur dinten, margi sampun telas pangajeng- ajengipun angsal babantu saking titiyang munafék, tiyang Bani Nadlir lajeng nungkul. Kanjeng Nabi ambibaraken pangepangipun kalayan mawi janji manawi titiyang Bani Nadlir purun késah saking nagari Madinah. Kajawi namung wonten kalih kulawarga ingkang milih dudunung wonten ing Khaibar, tiyang Bani Nadlir késah sadaya dhateng tanah Syam (Siriyah).

Dr. Prideaux, ingkang sampun kaloka remen ngawon-awon Islam, nerangaken bilih Kanjeng Nabi

2476. *Mirsanana kaca candhakipun.*

3 Lan yèn ta Allah ora anamtokna ukum tundhung buwang marang dhèwèké, amasthi iya anibakaké siksa marang dhèwèké ana ing donya, sarta ana ing akhirat bakal olèh siksa geni.

وَلَوْلَآ اَنْ كَتَبَ اللّٰهُ عَلَيْهِمُ الْجَلَآءَ
لَعَذَّبَهُمْ فِى الدُّنْيَا ۗ وَلَهُمْ فِى الْاٰخِرَةِ
عَذَابُ النَّارِ ③

4 Kang mangkono iku amarga saka anggoné tumindak lumawan Allah lan Utusan-É, lan sapa sing lumawan Allah, lah sayekti Allah iku abanget wawalesé (tumrap tindak ala).

ذٰلِكَ بِاَنَّهُمْ شَآقُّوا اللّٰهَ وَرَسُوْلَهٗ ۚ
وَمَنْ يُّشَآقِّ اللّٰهَ فَاِنَّ اللّٰهَ شَدِيْدُ
الْعِقَابِ ④

5 Endi wit kurma kang sira tegor, utawa sira togaké baé ngadeg ing oyodé, lah iku kalawan paréntahing Allah, sarta amrih Panjenengané angasoraké para murang yekti.

مَا قَطَعْتُمْ مِّنْ لِّيْنَةٍ اَوْ تَرَكْتُمُوْهَا
قَآئِمَةً عَلٰٓى اُصُوْلِهَا فَبِاِذْنِ اللّٰهِ
وَلِيُخْزِيَ الْفٰسِقِيْنَ ⑤

6 Lan tumrap barang saka dhèwèké kang wus dibalèkaké déning Allah marang Utusan-É, iku sira ora (dadak kangèlan) nunggang jaran utawa unta, ananging Allah aparing wewenang marang Utusan-É tumrap sapa sing dadi kapareng karsa-Né, lan Allah iku marang samubarang Kawasa.

وَمَآ اَفَآءَ اللّٰهُ عَلٰى رَسُوْلِهٖ مِنْهُمْ فَمَآ
اَوْجَفْتُمْ عَلَيْهِ مِنْ خَيْلٍ وَّلَا رِكَابٍ
وَّلٰكِنَّ اللّٰهَ يُسَلِّطُ رُسُلَهٗ عَلٰى مَنْ
يَّشَآءُ ۗ وَاللّٰهُ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ⑥

7 Barang saka wong kang manggon ing kutha kang wus dibalèkaké déning Allah marang Utusan-É, lah iku dadi kagunganing Allah lan dadi kagungané Utusan-É sarta dadi darbèké karabat

مَآ اَفَآءَ اللّٰهُ عَلٰى رَسُوْلِهٖ مِنْ اَهْلِ
الْقُرٰى فَلِلّٰهِ وَلِلرَّسُوْلِ وَلِذِى الْقُرْبٰى

utusan tiyang Muslimin sapantha ingandikakaken nututi para ingkang sami pindhah dhateng Syam wau; sadaya lajeng sami dipun pejahi. Nalika nyukani katerangan ayat punika tuwan Sale nerangaken bilih lalampahan ingkang dipun pendhet pathinipun déning Dr. Prideaux wau, menggah ing sajatosjatosipun cariyosipun titiyang Muslimin pitung dasa ingkang katumpes; inggih punika tiyang Muslimin ingkang dipun sédani kapurih mulang Islam déning satunggaling pancer Arab, nanging lajeng sami dipun pejahi kalayan lampah cidra. Anèh saèstu caranipun para saged Nasrani samangsa nyerat punapa-punapa ingkang magepokan kaliyan agami Islam!

2476. Tiyang Bani Nadlir dipun paringi inah sadasa dinten nganggé nglempakaken tuwin ambektani raja darbénipun sakajeng-kajengipun; nanging wekdal wau dipun pigunakaken kanggé ngrisaki griya-griyanipun, murih boten dados tuking kakiyatan tumrap titiyang Muslimin. Kakantunanipun dipun risak déning titiyang Muslimin.

tuwin bocah-bocah yatim tuwin wong-wong miskin apa déné wong kang lalaku, supaya aja tansah gilir gumanti kadarbé wong sugih-sugih golonganira. Lan apa kang diparingaké déning Allah marang sira, iku tampanana, sarta tumrap marang sira, iku dohana, lan di tuhu-tuhu ing (wajibira maring) Allah; sayekti, Allah iku abot wawalesé marang (tindak ala):[2477]

وَالْيَتٰمٰى وَالْمَسٰكِيْنِ وَابْنِ السَّبِيْلِ ۙ كَيْ لَا يَكُوْنَ دُوْلَةً ۢ بَيْنَ الْاَغْنِيَاۤءِ مِنْكُمْ ۗ وَمَآ اٰتٰىكُمُ الرَّسُوْلُ فَخُذُوْهُ ۚ وَمَا نَهٰىكُمْ عَنْهُ فَانْتَهُوْا ۚ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ۗ اِنَّ اللّٰهَ شَدِيْدُ الْعِقَابِ ۝٧

8 (Yaiku) kadarbé para kesrakat kang padha ngili, kang padha ditundhung saka padunungan lan (aninggal) bandhané, angupaya

لِلْفُقَرَاۤءِ الْمُهٰجِرِيْنَ الَّذِيْنَ اُخْرِجُوْا مِنْ دِيَارِهِمْ وَاَمْوَالِهِمْ يَبْتَغُوْنَ

2477. Ayat punika nerangaken bab prakawis bandha kukupan ing paprangan ingkang angka tiga, inggih punika ingkang winastan *al-fai'*, asal saking tembung *afa-a* ingkang kasebut wonten ing ayat punika. Déné ingkang kalih kasebut wonten ing 8: 41, mirsanana 979 tuwin 1007. *Afa'tu-hu* tegesipun aku ambalèkaké iku (O-LL), awit saking punika افاء الله على المسلمين مال الكفار punika miturut LL ateges *Allah ambalèkaké marang wong Muslimin*, utawi *maringi jarahan wong Muslimin, bandhané wong kafir* (S). Milanipun *fai'* punika lajeng ateges *barang darbèkipun para titiyang kafir ingkang kawewahaken dhateng titiyang Muslimin kalayan tanpa perang* (TA-LL), utawi *barang ingkang angsalipun saking titiyang ingkang mangéran kathah sasampunipun nyèlèhaken dadamel* (A'Obeid, Mgh, tuwin Msb-LL).

Bandha *fai'* punika boten kaedum dhateng para prajurit, inggih margi tanpa campuh prang wau. Ing dhawuh punika katerangaken, bilih bandha wau kagem Allah tuwin Kanjeng rasul, krabat ingkang celak, laré yatim, tiyang miskin tuwin tiyang ingkang lalampah. Nitik dhawuh punika, tétéla manawi bandha *fai'* punika sadaya kedah dipun edum kados pangedumipun bandha *ganimah* ingkang sapragangsal; kula aturi mirsani 1007. Ing katerangan ngriku sampun kasebutaken bilih pandumanipun Kanjeng Nabi punika katanjakakaken kanggé para Muslimin. Bd nyebutaken bilih wonten pamanggih warni tiga bab prakawis pandumanipun Kanjeng Nabi ing sasampunipun Kanjeng Nabi séda pamanggih ingkang satunggal mastani bilih panduman wau lajeng dados pandumanipun imam utawi pengageng. Pamanggih ingkang angka kalih mastani panduman wau dipun tanjakakaken kanggé kaperluanipun wadyabala tuwin kanggé kaperluanipun pajagèn-pajagèn ing tapelwates. Pamanggih angka tiga panduman wau kanggé kaperluanipun kaum Muslimin umumipun. Sugengipun Kanjeng Nabi Suci tuwin para Khalifahipun ingkang wiwitan, sampun cekap kanggé bukti bilih pandumanipun Kanjeng Nabi punika mesthi katanjakakaken kanggé kaperluanipun kaum Muslimin. Cobi, bagéndha 'Umar, ingkang sampun neluk-nelukakaken punika, trimah namung ngagem pangageman ingkang kebak tambalan, mangka ing ngarsanipun umpuk-umpukan tanpa wilangan bandha saking tanah Pérsi tuwin Syam (Siriya). Saèstu panduman ingkang kagem Kanjeng Nabi wau kaanggep sapéranganing bandha *Baitu-l-Mal*, bandhaning praja; tandhanipun nalika Kanjeng Nabi séda, ingkang putra, Siti Fatimah mundhut panduman *Fidk*, ingkang ugi sapéranganipun bandha *fai'*, nanging Bagéndha Abu Bakar boten marengaken, awit punika sanès bandha ingkang kagem sariranipun Kanjeng Nabi piyambak (Rz), Malah Bagéndha Abu Bakar wau damel karampungan, bilih satunggaling Nabi punika boten atilar bandha warisan kanggé warisipun ingkang katilar. Pasulayan ingkang tuwuh awit saking punika, anjalari jagadipun kaum Muslimin pecah dados kalih madhab ingkang ageng. Awisan ingkang kamot wonten ing pangandika ingkang mungel *supaya aja tansah gilir gumanti kadarbé wong sugih-sugih golonganira*, punika mengku karsa sampun ngantos pandumanipun Kanjeng Nabi dados barang warisan.

nugrahaning Allah lan pirena(-Né), apa déné ambantu Allah lan Utusan-É; ya iki para wong temen.[2478]

فَضْلًا مِّنَ اللَّهِ وَرِضْوَانًا وَيَنصُرُونَ
اللَّهَ وَرَسُولَهُ ۚ أُولَٰئِكَ هُمُ الصَّادِقُونَ ﴿٨﴾

9 Lan para kang padha manggon ing kutha lan iman ing sadurungé dhèwèké, padha tresna marang sapa-sapa kang ngili marang dhèwèké, lan ing sajroning *atiné* ora tinemu ana butuhé marang barang kang diparingaké, lan amerlokaké (dhèwèké) angalahaké awaké dhéwé, lan sanajan awaké bisa tumiba ing kamlaratan; lan sapa sing kareksa kumeding jiwané, ya iku wong-wong begja.[2479]

وَالَّذِينَ تَبَوَّءُوا الدَّارَ وَالْإِيمَانَ مِن
قَبْلِهِمْ يُحِبُّونَ مَنْ هَاجَرَ إِلَيْهِمْ
وَلَا يَجِدُونَ فِي صُدُورِهِمْ حَاجَةً
مِّمَّا أُوتُوا وَيُؤْثِرُونَ عَلَىٰ أَنفُسِهِمْ
وَلَوْ كَانَ بِهِمْ خَصَاصَةٌ ۚ وَمَن يُوقَ
شُحَّ نَفْسِهِ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ﴿٩﴾

2478. Kedah dipun pèngeti bilih boten sadaya sahabat Muhajirin ing saumumipun angsal panduman saking bandha punika; ingkang kebagéan, punika namung para Muhajirin ingkang kikirangan, inggih punika kanggé nyampedi kabetahanipun. Wondéné sababipun sampun kasebutaken kalayan terang wonten ing ayat punika, inggih punika: para titiyang wau sami kécalan barang-barangipun sarta kapeksa nilar griyanipun lan bandhanipun. Langkung-langkung perlu dipun èngeti, bilih salah satunggaling tanjanipun bandha *Baitu-l-Mal*, bandhaning praja Islam, ingkang wigatos piyambak, punika kanggé nulungi para titiyang miskin tuwin titiyang ingkang boten saged ngupados panggesangan piyambak. Dados angger-anggeripun nagari Inggris, punika manawi dipun timbang kaliyan angger-anggeripun kaum Muslimin jaman wiwitan, nama kontit sanget, sanadyan ta angger-angger Inggris inggih wonten pranatan pitulungan dhateng tiyang kikirangan (*poor law*) tuwin pranatan nyukani papancèn dhateng tiyang ingkang sampun sepuh (*old age pension rule*). Saking barang-barang ingkang katilar déning titiyang Bani Nadlir, ingkang sadaya lajeng dados bandhaning praja, ingkang dipun edum-edumaken dhateng para sahabat *Muhajirin*, punika inggih bagéan ingkang kapijèkaken kanggé kaperluan punika. Ingkang tampi panduman, punika para sahabat Muhajirin ingkang sami kécalan sadaya bandhanipun tuwin griya-griyanipun lan ingkang kalangkung anggènipun kikirangan, ngantos boten saged nglajengaken padamelanipun. Tuwan Sale suka katerangan makaten: "Milanipun namung para Muhajirin kémawon ingkang dipun edumi jarahan wau déning Muhammad .... Para sahabat Anshar boten dipun sukani panduman." Punika katerangan ingkang nyalèwèng saking kanyataan, kabuktèn saking kateranganipun piyambak, ingkang ngakeni bilih wonten sahabat Anshar tiga "ingkang sami ngalami rekaos" ugi angsal pitulungan. Mirsanana ugi katrangan candhakipun punika.

2479. *Para kang padha manggon ing kutha lan iman*, punika para sahabat Anshar, inggih punika titiyang Muslimin ingkang sami dudunung wonten ing nagari Madinah. *Dâr* punika tegesipun *griya* lan ugi ateges *nagari*, *kitha* utawi *dusun* (Mgh, Q-LL), sarta manawi dipun ater-ateri *al*, *al-madinah*, jawinipun *kithanipun Kanjeng Nabi* (Q-LL). Déné suraosipun dhawuh, para sahabat wau sami damel padunungan wonten ing kithanipun Kanjeng Nabi tuwin iman; kasanépakaken kados déné papan padunungan. *Sadurungé dhèwèké* tegesipun sadèrèngipun para sahabat Muhajirin dhateng ing Madinah.

Nalika para Muslimin ing Makkah lumajeng saking nagarinipun, sami angsal papan pangungsèn wonten ing nagari Madinah. Titiyang Muslimin Madinah anggènipun sami nampèni titiyang Muslimin Makkah wau kados déné sadhèrèkipun piyambak, dipun sukani pondhokan wonten ing griyanipun, sarta taksih kathah sahabat Muhajirin ingkang lastantun nunggil sagriya kaliyan sahabat Anshar, ing nalika jaman titiyang Bani Nadlir dipun kéndhangaken. Margi saking punika Kanjeng Nabi lajeng andangu para sahabat Anshar, ririgen warni kalih ing ngandhap punika pundi ingkang dipun rujuki; sapisan angsal panduman barang-barang asal saking tiyang Bani Nadlir, nanging kedah nyukakaken

10 Lan para kang padha teka sawisé dhèwèké padha munjuk: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing pangapunten dhateng kawula saha para sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang angrumiyini kawula ing dalem iman, saha sampun ngantos wonten pangunek-unek salebeting manah kawula dhateng para ingkang sami angèstu; Pangéran kawula! saèstu Tuwan punika Mahawelas, Mahaasih.[2480]

وَالَّذِيْنَ جَآءُوْ مِنْۢ بَعْدِهِمْ يَقُوْلُوْنَ
رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِاِخْوَانِنَا الَّذِيْنَ سَبَقُوْنَا
بِالْاِيْمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِيْ قُلُوْبِنَا غِلًّا
لِّلَّذِيْنَ اٰمَنُوْا رَبَّنَآ اِنَّكَ رَءُوْفٌ رَّحِيْمٌ ﴿١٠﴾

RUKU' 2

Titiyang lamis cidra ing janji dhateng tiyang Yahudi

11,12. Tiyang lamis aprajanji suka pitulungan dhateng tiyang Yahudi, nanging boten nuhoni. 13-17. Kawusananipun titiyang sami nandhang kalepatan.

11 Apa sira ora andeleng marang para kang dadi wong lamis? Padha calathu marang sadulur-saduluré, para kang kafir golongan pandhèrèking Kitab: Manawa kowé ditundhung, amasthi aku bakal padha metu ambarengi kowé, lan salawasé aku ora bakal manut marang wong siji-sijia prakara kowé; manawa kowé diperangi, amasthi aku bakal padha ngréwangi kowé; lan Allah iku aneksèni, yèn dhèwèké iku temen wong goroh.[2481]

اَلَمْ تَرَ اِلَى الَّذِيْنَ نَافَقُوْا يَقُوْلُوْنَ
لِاِخْوَانِهِمُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ اَهْلِ
الْكِتٰبِ لَئِنْ اُخْرِجْتُمْ لَنَخْرُجَنَّ
مَعَكُمْ وَلَا نُطِيْعُ فِيْكُمْ اَحَدًا اَبَدًا ۙ
وَّاِنْ قُوْتِلْتُمْ لَنَنْصُرَنَّكُمْ ۗ وَاللّٰهُ
يَشْهَدُ اِنَّهُمْ لَكٰذِبُوْنَ ﴿١١﴾

12 Sayekti, manawa dhèwèké ditundhung, dhèwèké ora bakal metu ambarengi, lan manawa diperangi ora bakal angréwangi, yèn ta

لَئِنْ اُخْرِجُوْا لَا يَخْرُجُوْنَ مَعَهُمْ ۚ
وَلَئِنْ قُوْتِلُوْا لَا يَنْصُرُوْنَهُمْ ۚ وَلَئِنْ

sapéranganing griyanipun lan bandhanipun dhateng sahabat Muhajirin; kaping kalih, boten angsal panduman, déné bandha lajeng badhé kawradinaken dhateng para sahabat Muhajirin piyambak (ingkang sami kikirangan), supados dipun anggé waragad damel griya piyambak tuwin kanggé pawitan nyambut damel utawi dadagangan. Para sahabat Anshar sami matur manawi sami milih ririgen ingkang angka kalih, inggih punika ngemungaken para sahabat Muhajirin ingkang angsal panduman; nanging sanajan makatena, dipun parengna para sahabat Muhajirin sami mondhok wonten ing griyanipun (Rz).

2480. Pratélan punika prayogi dipun anggé déning kaum Muslimin sadaya ing jaman ingkang kantun-kantun.

2481. Para titiyang munafék sami anjlomprongaken titiyang Yahudi kalayan suka janji-janji palsu; punika sababipun déné para titiyang Yahudi sami milawani ing Kanjeng Nabi. Mirsanana 2475.

Ar. *amalik geger*

angréwangana, amasthi bakal *acolong-playu*; sabanjuré ora bakal ketulungan.

نَّصَرُوهُمْ لَيُوَلُّنَّ الْأَدْبَارَ ثُمَّ لَا يُنْصَرُونَ ﴿١٢﴾

Ar. *dhadhané*

13 Sayekti, sira iku luwih banget diwedèni ing sajroning *atiné* tinimbang Allah; mangkono iku amarga dhèwèké iku wong kang ora ngreti.

لَأَنْتُمْ أَشَدُّ رَهْبَةً فِي صُدُورِهِمْ مِنَ اللَّهِ ۚ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَا يَفْقَهُونَ ﴿١٣﴾

Ar. *lan*

14 Ora bakal gumolong bareng amerangi sira, kajaba mung ana sajroning kutha kang dibètèngi, utawa saka saburining témbok; diya-diniyané dhéwé abanget; pangiranira dhèwèké iku gumolong, *nyatané* atiné pecah-pecah; mangkono iku amarga dhèwèké iku wong kang ora duwé akal.

لَا يُقَاتِلُونَكُمْ جَمِيعًا إِلَّا فِي قُرًى مُحَصَّنَةٍ أَوْ مِنْ وَرَاءِ جُدُرٍ ۚ بَأْسُهُمْ بَيْنَهُمْ شَدِيدٌ ۚ تَحْسَبُهُمْ جَمِيعًا وَقُلُوبُهُمْ شَتَّىٰ ۚ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَا يَعْقِلُونَ ﴿١٤﴾

15 Kaya padhané para sadurungé dhèwèké caket;[2482] padha angrasakaké alaning kadadéané prakarané, sarta bakal padha olèh siksa kang nglarani.

كَمَثَلِ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِهِمْ قَرِيبًا ۖ ذَاقُوا وَبَالَ أَمْرِهِمْ وَلَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿١٥﴾

Ar. *lebaran saka kowé*

16 Kaya padhané sétan nalika calathu marang manusa: Kafira. Ananging bareng dhèwèké kafir, acalathu: sayekti aku *ora mèlu-mèlu karo prakaramu;* sayekti aku wedi maring Allah, Pangéraning ngalam kabèh.

كَمَثَلِ الشَّيْطَانِ إِذْ قَالَ لِلْإِنْسَانِ اكْفُرْ فَلَمَّا كَفَرَ قَالَ إِنِّي بَرِيءٌ مِنْكَ إِنِّي أَخَافُ اللَّهَ رَبَّ الْعَالَمِينَ ﴿١٦﴾

17 Mulané wusanané sakaroné, sakaroné ana sajroning geni, padha manggon ana ing kono, lan iki pituwasé wong kang atindak dudu.

فَكَانَ عَاقِبَتَهُمَا أَنَّهُمَا فِي النَّارِ خَالِدَيْنِ فِيهَا ۚ وَذَٰلِكَ جَزَاءُ الظَّالِمِينَ ﴿١٧﴾

RUKU' 3

Pèpènget

18-21. Para angèstu kadhawuhan setya ing kawajiban. 22-24. Sifat-sifatipun Gusti Allah ingkang sampurna.

2482. Sawenèh amastani bilih pangandika punika wigatos mratélakaken titiyang Bani Qainuqa', sawenèh malih mastani wigatos mratélakaken titiyang Quraisy ingkang sami tiwas wonten ing papan pajudan Badr.

18 O, para kang padha angèstu! dituhu-tuhu ing (wajibira marang) Allah, lan siji-sijining jiwa padha angangen-angena apa kang wus katindakaké tumrap sésuk, lan dituhu-tuhu ing (wajibira marang) Allah; sayekti Allah iku Waspada marang sabarang kang sira lakoni.

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ وَلْتَنْظُرْ
نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ لِغَدٍ ۚ وَاتَّقُوا اللّٰهَ ؕ
اِنَّ اللّٰهَ خَبِيْرٌۢ بِمَا تَعْمَلُوْنَ ﴿۱۸﴾

19 Lan aja padha kaya para kang lali maring Allah, satemah Panjenengané anglalèkaké dhèwèké marang jiwané dhéwé; iki wong kang padha murang yakti.

وَلَا تَكُوْنُوْا كَالَّذِيْنَ نَسُوا اللّٰهَ فَاَنْسٰىهُمْ
اَنْفُسَهُمْ ؕ اُولٰٓئِكَ هُمُ الْفٰسِقُوْنَ ﴿۱۹﴾

20 Ora padha wong kang padha manggon ing geni karo kang manggon ing taman: wong kang manggon ing taman iku wong kang padha begja.

لَا يَسْتَوِيْۤ اَصْحٰبُ النَّارِ وَاَصْحٰبُ
الْجَنَّةِ ؕ اَصْحٰبُ الْجَنَّةِ هُمُ الْفَآئِزُوْنَ ﴿۲۰﴾

21 Manawa Qur'an iki Ingsun turunaké marang gunung, yekti sira bakal weruh (gunung) iku tumundhuk, belah, saking wediné marang Allah; lan Ingsun agawé sanépa iki tumrap para manusa, supaya padha mikir-mikira.

لَوْ اَنْزَلْنَا هٰذَا الْقُرْاٰنَ عَلٰى جَبَلٍ
لَّرَاَيْتَهٗ خَاشِعًا مُّتَصَدِّعًا مِّنْ خَشْيَةِ
اللّٰهِ ؕ وَتِلْكَ الْاَمْثَالُ نَضْرِبُهَا لِلنَّاسِ
لَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُوْنَ ﴿۲۱﴾

22 Panjenengané iku Allah, Kang ora ana sesembahan kajaba Panjenengané, Ingkang anguningani kang tan-katon sarta kang katon; Panjenengané iku Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.[2475]

هُوَ اللّٰهُ الَّذِيْ لَاۤ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ عٰلِمُ الْغَيْبِ
وَالشَّهَادَةِ ۚ هُوَ الرَّحْمٰنُ الرَّحِيْمُ ﴿۲۲﴾

23 Panjenengané iku Allah Kang ora ana sesembahan kajaba Panjenengané, Ratu, Ingkang-Mahasuci, Ingkang-*Anitahaké rahayu*, Ingkang-Aparing-katentreman, Ingkang-Rumeksa-samubarang, Ingkang-Kina-

Ut. *sepi saka kakurangan*

هُوَ اللّٰهُ الَّذِيْ لَاۤ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ ۚ اَلْمَلِكُ
الْقُدُّوْسُ السَّلٰمُ الْمُؤْمِنُ الْمُهَيْمِنُ

2475. Wiwit ayat punika dumugi pungkasan wonten kalempakaning asmanipun Pangéran ingkang sakalangkung adi-éndah.

Ut. *sepi saka kaku-rangan*

wasa, Ingkang-*Linuhung*, Ingkang kagungan sarupaning kahagungan; Mahasuci Allah saking barang kang disakuthokaké (karo Panjenengané)

الْعَزِيزُ الْجَبَّارُ الْمُتَكَبِّرُ ۚ سُبْحَٰنَ اللَّهِ
عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٢٣﴾

24 Panjenengané iku Allah, Ingkang-Anitahaké, Ingkang-Agawé, Ingkang-Anyithak; asma kang bagus-bagus iku kagungan-É; sabarang kang ana ing langit-langit lan bumi padha Mahasucèkaké Panjenengané; lan Panjenengané iku Ingkang-Kinawasa, Ingkang Wicakasana.

هُوَ اللَّهُ الْخَٰلِقُ الْبَارِئُ الْمُصَوِّرُ ۖ لَهُ
الْأَسْمَاءُ الْحُسْنَىٰ ۚ يُسَبِّحُ لَهُ مَا فِي
السَّمَٰوَٰتِ وَالْأَرْضِ ۖ وَهُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٢٤﴾

ركوعاتها ٢ سُورَةُ الْمُمْتَحِنَةِ مَدَنِيَّةٌ (٦٠) اٰياتها ١٣

SURAT 60

AL-MUMTAHANAH

(*Wanita ingkang dipun lèlèr*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*2 ruku', 13 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Mimitran kaliyan mengsah-mengsahipun Islam dipun awisi.
Ruku' 2. Mimitran lan tembayataning bebrayan sanès-sanèsipun.

Katerangan gerban

Sagemblengipun surat punika marsitakaken bab sasambetan antawisipun para titiyang Islam kaliyan para titiyang ingkang sanès Islam, langkung langkung sasambetan ingkang boten nyenengaken kaliyan para mengsah ingkang sami sumedya badhé nyirnakaken Islam, sarta ingkang margi dèrèng narimah namung nundhung para Muslimin saking griya-griyanipun, sapunika lajeng merangi para Muslimin. Gagandhèngan kaliyan kawontenan punika, anggènipun Kanjeng Nabi Suci dipun dhawuhi *nglèlèr para wanita* saking antawisipun para manembah brahala, ingkang sowan dhateng panjenenganipun kalayan mengku sedya badhé ngrasuk Islam; perlunipun, manawi tétéla ikhlas saèstu, para titiyang èstri wau kedah dipun ayomi. Lah inggih kawontenan ingkang kados makaten punika, ingkang lajeng murugaken surat punika kanamakaken *Wanita ingkang dipun lèlèr* punika. Ingkang makaten wau ugi anedahaken bilih nadyan saweg memengsahan, para Muslimin kadhawuhan ingkang adil garapipun dhateng titiyang kafir. Wondéné sasambetanipun surat punika kaliyan surat ingkang sampun, punika sampun cetha. Dhawuh pratélan ingkang terang gamblang ingkang mranata bab sasambetanipun umat kakalih, dipun betahaken sanget, margi ing ngriku tuwuh wonten memengsahan.

Ruku' ingkang sapisan dipun wiwiti kalayan pangandika ingkang wigatos ngawisi mimitran kaliyan para mengsahipun Islam, ingkang ing sapunikanipun anggènipun mengsahi sangsaya sanget; tepa tuladhanipun Kanjeng Nabi Ibrahim kasebutaken, inggih punika sami déné kapeksa medhot sasambetanipun kaliyan mengsah-mengsahipun, sareng para mengsah wau mengsahi dhateng panjenenganipun. Nanging ruku' ingkang kaping kalih mewahi katrangan bilih boten sadhéngah tiyang ingkang boten Islam punika kedah dipun anggep mengsah; tindak ingkang kedah dipun tumrapaken dhateng mengsah lan dhateng tiyang kafir lugu, kasilah-silahaken. Pitedah punika – ingkang anggènipun kaparingakен ing wekdal ingkang sampun akhir sanget – punika saged dados tatales ingkang mangka dhadhasaring pangrembag bab masalah mimitran. Salajengipun kasebutaken bilih titiyang èstri ingkang lumajeng saking Makkah perlu nyingkiri panganiaya, punika manawi sasampunipun katitipriksa pinanggih ikhlas saèstu, kénging dipun sukani pangayoman. Sesémahan antawisipun tiyang jaler Islam kaliyan tiyang èstri musyrik, tuwin tiyang jaler musyrik kaliyan tiyang èstri Islam, kadhawuhaken manawi wuk, boten apsah, bab mangsulaken maskawin dipun pranata. Pungkasaning surat mratélakaken bab prasetya kedah dipun sanggemi déning titiyang èstri ingkang ngrasuk Islam, awit prasetya ingkang tumrap tiyang jaler kalebet ugi sasanggeman ambélani agami lumawan mengsah, punika kuwajiban ingkang boten saged katindakaken déning tiyang èstri.

Titimangsaning tumurunipun surat punika kénging kakinten-kintenaken nalika watawis taun Hijriyah 8, antawisipun prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah kaliyan bedhahipun nagari Makkah.

RUKU' 1

Mimitran kaliyan mengsahipun Islam dipun awisi

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 O, para kang padha angèstu! aja angalap mitra mungsuh Ingsun lan mungsuhira: apa sira arep anibakaké sih marang dhèwèké, *kang mangka* dhèwèké padha angafiri kasunyatan kang tumeka marang sira, anundhung Utusan lan sira amarga sira padha angèstu ing Allah, Pangéranira?[2484] Manawa sira metu nyarempeng ing dadalan Ingsun sarta ngupaya pirena-Ningsun, apa sira arep mintonaké sih marang dhèwèké? Lan Ingsun luwih udani marang apa kang sira singidaké lan apa kang sira wedhar; lan sira sapa kang nindakaké iku, lah temen sasar saka dalan kang bener.

Ar. *lan temen*

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تَتَّخِذُوْا عَدُوِّيْ
وَعَدُوَّكُمْ اَوْلِيَآءَ تُلْقُوْنَ اِلَيْهِمْ بِالْمَوَدَّةِ
وَقَدْ كَفَرُوْا بِمَا جَآءَكُمْ مِّنَ الْحَقِّ ۚ
يُخْرِجُوْنَ الرَّسُوْلَ وَاِيَّاكُمْ اَنْ تُؤْمِنُوْا
بِاللّٰهِ رَبِّكُمْ ۗ اِنْ كُنْتُمْ خَرَجْتُمْ
جِهَادًا فِيْ سَبِيْلِيْ وَابْتِغَآءَ مَرْضَاتِيْ ۖ
تُسِرُّوْنَ اِلَيْهِمْ بِالْمَوَدَّةِ ۖ وَاَنَا اَعْلَمُ
بِمَآ اَخْفَيْتُمْ وَمَآ اَعْلَنْتُمْ ۗ وَمَنْ يَّفْعَلْهُ
مِنْكُمْ فَقَدْ ضَلَّ سَوَآءَ السَّبِيْلِ ①

2 Manawa dhèwèké bisa gathuk karo sira, bakal dadi mungsuh tumrap marang sira, sarta tangané lan cangkemé mulur marang sira kalawan piala,[2485] lan angajap-ajap supaya sira kafir.

اِنْ يَّثْقَفُوْكُمْ يَكُوْنُوْا لَكُمْ اَعْدَآءً
وَّيَبْسُطُوْٓا اِلَيْكُمْ اَيْدِيَهُمْ وَاَلْسِنَتَهُمْ
بِالسُّوْٓءِ وَوَدُّوْا لَوْ تَكْفُرُوْنَ ۗ ②

3 Ora bakal migunani marang sira sanak-sadulurira lan anak-anak-

لَنْ تَنْفَعَكُمْ اَرْحَامُكُمْ وَلَآ اَوْلَادُكُمْ ۚ

2484. Kedah dipun pèngeti punapa sababipun mila mimitran kaliyan para titiyang kafir kaawisan, inggih punika margi para titiyang wau sami dados mengsahipun Allah tuwin utusan-Ipun, tiyang ingkang sampun anundhung Kanjeng Rasul tuwin para titiyang Muslimin saking griya-griyanipun. Déné manawi winastan bilih tumuruning ayat punika margi Hatib bin Abi Balta' kintun serat dhateng titiyang Makkah ngabari badhé ngangsegipun Kanjeng Nabi Suci dhateng Makkah, punika namung ateges nyukani tuladha ing wontenipun babaya ingkang tuwuh awit saking mimitran kaliyan mengsah salebetipun wonten alam peperangan.

2485. Terangipun, dhèwèké mesthi bakal matèni sira kalawan tangan-tanganė lan ngèlèk-èlèk ing sira kalawan lésan-lésané.

ira ana ing dina kiyamat; Panjenengané bakal mutusi ing antaranira, lan Allah iku amirsani sabarang kang sira lakoni.

يَوْمَ الْقِيٰمَةِ ۚ يَفْصِلُ بَيْنَكُمْ ۗ وَ اللّٰهُ
بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ﴿٣﴾

4 Sayekti ana tuladha becik tumrap marang sira ing (sariranė) Ibrahim lan para pandhèrèké, nalika calathu marang kaumé: Sayekti aku iki padha lebaran saka kowé sarta saka barang saliyané Allah kang kokawulani; aku apratéla ora campur karo kowé,[2485A] sarta antarané aku lan kowé timbul mumungsuhan lan gegethingan salawasé, nganti kowé angèstu ing Allah pribadi – nanging ora ing dalem calathuné Ibrahim marang tutuwané; Saèstu kula badhé nyuwunaken pangapunten panjenengan, sarta kula boten anguwasani (barang) ingkang (dhateng) saking Allah tumrap panjenengan[2486] – Pangéran kawula! ing Tuwan sumarah kawula, dhateng Tuwan madhep kawula sarta dhateng Tuwan pantogipun sadaya tuju:

قَدْ كَانَتْ لَكُمْ اُسْوَةٌ حَسَنَةٌ فِيْۤ اِبْرٰهِيْمَ
وَالَّذِيْنَ مَعَهٗ ۚ اِذْ قَالُوْا لِقَوْمِهِمْ
اِنَّا بُرَءٰٓؤُا مِنْكُمْ وَ مِمَّا تَعْبُدُوْنَ مِنْ
دُوْنِ اللّٰهِ ۫ كَفَرْنَا بِكُمْ وَ بَدَا بَيْنَنَا وَ
بَيْنَكُمُ الْعَدَاوَةُ وَ الْبَغْضَآءُ اَبَدًا حَتّٰى
تُؤْمِنُوْا بِاللّٰهِ وَحْدَهٗۤ اِلَّا قَوْلَ اِبْرٰهِيْمَ
لِاَبِيْهِ لَاَسْتَغْفِرَنَّ لَكَ وَ مَاۤ اَمْلِكُ لَكَ
مِنَ اللّٰهِ مِنْ شَيْءٍ ؕ رَبَّنَا عَلَيْكَ تَوَكَّلْنَا
وَ اِلَيْكَ اَنَبْنَا وَ اِلَيْكَ الْمَصِيْرُ ﴿٤﴾

5 Pangéran kawula! mugi Tuwan boten andadosaken kawula dados cobi tumrap para ingkang

رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا فِتْنَةً لِّلَّذِيْنَ كَفَرُوْا

2485A. كفر بكذا Punika ugi ateges *ngresikaké awaké* utawi *wisuh saka prakara kang mangkono iku* (Msb-LL). Rèhning tegesipun tembung *kufr* ingkang adat saben boten mathuk tumrap wonten ing ngriki, mila teges punika ingkang dipun anggé.

2486. Kados déné ingkang sampun kapratélakaken ing 790, ingkang dipun dongakakén kados makaten wau déning Kanjeng Nabi lbrahim, punika sanès ingkang rama cer Kanjeng Nabi Ibrahim, awit ing wasananipun tétéla manawi ingkang kasebut "rama" déning Kanjeng Nabi Ibrahim punika jebul mengsah bubuyutan. Contonipun Kanjeng Nabi Ibrahim kasebutaken, punika minangka kanggé anedahaken sapinten genging katresnan saha asihipun Kanjeng Nabi Ibrahim dhateng umatipun; suprandéné sareng tétéla tumrap panjenenganipun, bilih umatipun wau sumedya angrebahaken yakti, Kanjeng Nabi Ibrahim inggih lajeng boten saged nglajengaken mimitranipun kaliyan umatipun. Makaten ugi Kanjeng Nabi Suci tuwin para sahabatipun, ing sapunikanipun kepeksa sami medhot sawarnining sasambetan mimitran kaliyan umatipun, awit umat wau boten namung mengsah ingkang ngeblak tanpa tèdhèng aling-aling kémawon tumrap para Muslimin, nanging ugi margi titiyang Muslimin saweg wonten ing salebeting kawontenan perang kaliyan umat wau bab prakawis kasagahanipun Kanjeng Nabi Ibrahim badhé nyuwunaken pangapunten dhateng pinisepuhipun wau, kula aturi mirsani 19: 47.

وَاغْفِرْ لَنَا رَبَّنَا ۚ إِنَّكَ أَنْتَ الْعَزِيزُ
الْحَكِيمُ ﴿٥﴾

sami kafir, saha mugi aparing pangapunten dhateng kawula, Pangéran kawula! saèstu Tuwan punika Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Wicaksana.

لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِيهِمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ
لِمَنْ كَانَ يَرْجُو اللَّهَ وَالْيَوْمَ الْآخِرَ ۚ
وَمَنْ يَتَوَلَّ فَإِنَّ اللَّهَ هُوَ الْغَنِيُّ الْحَمِيدُ ﴿٦﴾

6 Sayekti, temen ana tuladha becik tumrap marang sira ing dhèwèké kabèh, tumrap sapa-sapa kang wedi ing Allah lan dina akhir; lan sapa sing ambalik, lah sayekti Allah iku Ingkang-cukup-Pribadiné, Ingkang-Pinuji.

RUKU' 2

Mimitran sarta tembayataning bebrayan sanès-sanèsipun

7-9. Sasambetan kaliyan tiyang kafir ingkang sanès mengsahipun Islam punika dipun kéngingaken. 10, 11. Tatangsuling jodho-jodhonipun mengsah ingkang manembah brahala kaliyan tiyang Islam dipun anggep pedhot. 12. Prasetyanipun titiyang èstri ingkang manjing Islam. 13. Mimitran kaliyan bangsa Yahudi dipun awisi.

عَسَى اللَّهُ أَنْ يَجْعَلَ بَيْنَكُمْ وَبَيْنَ
الَّذِينَ عَادَيْتُمْ مِنْهُمْ مَوَدَّةً ۚ وَاللَّهُ
قَدِيرٌ ۚ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿٧﴾

7 Ambok manawa Allah kapareng andadèkaké mimitran antarané sira karo dhèwèké para kang sira anggep mungsuh; lan Allah iku Kawasa; sarta Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[2487]

لَا يَنْهَاكُمُ اللَّهُ عَنِ الَّذِينَ لَمْ يُقَاتِلُوكُمْ
فِي الدِّينِ وَلَمْ يُخْرِجُوكُمْ مِنْ دِيَارِكُمْ
أَنْ تَبَرُّوهُمْ وَتُقْسِطُوا إِلَيْهِمْ ۚ إِنَّ
اللَّهَ يُحِبُّ الْمُقْسِطِينَ ﴿٨﴾

8 Tumrap para kang ora merangi sira karana agama(-nira) sarta ora nundhung sira saka padununganira, Allah ora anglarangi sira yèn sira agawé becik lan atindak jejeg marang dhèwèké; sayekti Allah iku remen marang wong kang atindak jejeg.[2488]

2487. Ayat punika anyethakaken bilih awisan mimitran kaliyan titiyang kafir punika narnung tumrap ing sawatawis wekdal, tumindak namung ing sadangunipun wonten peperangan. Mimitran ingkang kawecakaken ing ngriki punika kalampahan ing sasampunipun nagari Makkah bedhah.

2488. Ayat punika saha ayat sambetipun punika, punika anggènipun katurunaken kénging winastan ing nalika sasambetan antawisipun titiyang Muslimin kaliyan titiyang kafir sakalangkung déning anggenting, margi wontenipun kawontenan perang ingkang terus-terusan antawisipun golongan kakalih wau. Dados ayat punika saha ayat candhakipun, punika paring karampungan ingkang gumathok, bilih mimitran antawisipun titiyang Muslimin lan titiyang sanès Muslimin ingkang kados makaten kawontenanipun, punika boten dados awisanipun Quran Suci. Sadaya ayat ingkang ngawisi mimitran

9 Mung Allah iku anglarangi sira mimitran karo para kang merangi sira karana agama(-nira) sarta nundhung sira saka padununganira apa déné para kang ambantu nundhung ing sira; lan sapa sing mimitran karo dhèwèké, lah yaiku wong atindak dudu.

إِنَّمَا يَنْهٰىكُمُ اللّٰهُ عَنِ الَّذِيْنَ قٰتَلُوْكُمْ فِي الدِّيْنِ
وَاَخْرَجُوْكُمْ مِّنْ دِيَارِكُمْ وَظٰهَرُوْا عَلٰٓى
اِخْرَاجِكُمْ اَنْ تَوَلَّوْهُمْ ۚ وَمَنْ يَّتَوَلَّهُمْ
فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الظّٰلِمُوْنَ ﴿٩﴾

10 O, para kang padha angèstu! samangsa ana wong wadon mukmin ngili tumeka marang sira, iku banjur lèlèren; Allah iku luwih wikan marang imané; lan manawa sira weruh, yèn dhèwèké iku wong-wong wadon mukmin, ya aja padha sira balèkaké marang wong kafir;[2489] wadon iki ora halal tu-

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اِذَا جَآءَكُمُ الْمُؤْمِنٰتُ
مُهٰجِرٰتٍ فَامْتَحِنُوْهُنَّ ۗ اَللّٰهُ اَعْلَمُ
بِاِيْمَانِهِنَّ ۚ فَاِنْ عَلِمْتُمُوْهُنَّ مُؤْمِنٰتٍ
فَلَا تَرْجِعُوْهُنَّ اِلَى الْكُفَّارِ ۗ لَا هُنَّ

kaliyan tiyang kafir, kedah dipun cundhukaken kaliyan ayat kakalih punika, jalaran wonten ing ngriki punika piwulang ingkang baku kadhawuhaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang boten saged nyeling-serepaken, wigatos mrinci-mrinci tiyang kafir ingkang kados pundi ingkang dipun idini dipun ajak mimitran lan tiyang kafir ingkang kados pundi ingkang ingawisan boten kénging dipun ajak mimitran. Dhawuh punika ugi ambirat pangawon-awonipun para pangarang Nasrani ingkang tansah dipun ambal-ambali punika, inggih punika ingkang mengku sedya ambawur para titiyang ingkang dèrèng mangertos, murih sami kadunungan raos, bilih pandhèrèkipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. punika kalangkung déning sanget anggènipun anggething dhateng tiyang ingkang boten Islam margi saking *ta'ashshub* utawi fanatikipun.

2489. Nitik dhawuh ing nginggil, tétéla manawi dumugi ing wekdal punika taksih lastantun kathah tiyang ingkang sami manjing Islam wonten ing nagari Makkah, sanajan ing Makkah sampun boten wonten tiyang ingkang mulang-mulangaken agami Islam; makaten ugi tétéla manawi wontenipun tiyang ingkang ngrasuk Islam wau tansah wonten kémawon, sanajan panganiaya dhateng para titiyang ingkang manjing Islam énggalan kalangkung déning sanget, ngantos kepeksa sami lumajeng saking griya-griyanipun. Lah punika conto ingkang boten wonten ingkang nyamèni, sapinten lebeting tumanjemipun kayakinan dhateng kayektènipun Kanjeng Nabi Suci dhateng manahipun para titiyang Makkah. Conto ingkang kasebutaken ing ngriki punika bab titiyang èstri mukminat ingkang lumajeng dhateng Madinah margi wontenipun panganiaya wau. Kula aturi mèngeti piwulangipun Islam ingkang momot punika. Titiyang èstri wau boten teka lajeng dipun tampèni kémawon tanpa janji punapa-punapa, jalaran saged ugi èstri wau èstri ingkang nilar lakinipun. Quran suci ngarsakaken titiyang èstri wau dipun titi-priksaa rumiyin ingkang premati. Karana netepi dhawuh punika, dipun riwayataken bilih Kanjeng Nabi mundhut sumpahipun titiyang èstri ingkang kados makaten wau, bilih anggènipun nilar griyanipun punika boten karana punapa-punapa kajawi namung karana Islam, sarta anggènipun lumajeng wau boten margi saking gadhah pamrih badhé nilar ingkang jaler lan boten margi saking remen dhateng satunggaling tiyang (JB, Kf). Titiyang èstri wau, pundi ingkang saged suka katerangan ingkang maremaken dhateng pepriksan punika, boten sami kawangsulaken dhateng titiyang kafir. Klèntu tur mawi sanget, manawi kakinten bilih ingkang makaten punika sulaya kaliyan ungeling prajanjian bedhamén ing Hudaibiyah; awit saupami inggih sulaya saèstu, titiyang Makkah mesthi botenipun kèndel kémawon punika. Nyata lan sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih ing dalem prajanjian bedhamén wau pancèn wonten janjinipun ingkang anerangaken manawi wonten tiyang Makkah ngungsi dhateng Kanjeng Nabi, tiyang wau kedah dipun wangsulaken dhateng Makkah;

حِلٌّ لَّهُمْ وَلَا هُمْ يَحِلُّونَ لَهُنَّ ۖ وَ
آتُوهُم مَّا أَنفَقُوا ۚ وَلَا جُنَاحَ عَلَيْكُمْ
أَن تَنكِحُوهُنَّ إِذَا آتَيْتُمُوهُنَّ أُجُورَهُنَّ ۚ
وَلَا تُمْسِكُوا بِعِصَمِ الْكَوَافِرِ وَاسْأَلُوا مَا
أَنفَقْتُمْ وَلْيَسْأَلُوا مَا أَنفَقُوا ۚ ذَٰلِكُمْ حُكْمُ
اللَّهِ ۖ يَحْكُمُ بَيْنَكُمْ ۚ وَاللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿١٠﴾

mrap marang dhèwèké, sarta dhèwèké ora halal tumrap wadon iki lan balèkna marang dhèwèké apa kang wis dibayaraké; lan ora cacad ingatasé sira yèn anikaha dhèwèké samangsa maskawiné sira bayaraké marang dhèwèké[2490] lan aja angukuhi bundhelaning nikahé wong-wong wadon kafir sarta jaluken apa sing wis kobayaraké, lan dimèn dijaluk apa kang wis padha dibayaraké. Mangkono iku pancasaning Allah; Panjenengané iku amancasi antaranira; lan Allah iku Ngudanèni, Wicaksana.[2491]

وَإِن فَاتَكُمْ شَيْءٌ مِّنْ أَزْوَاجِكُمْ إِلَى
الْكُفَّارِ فَعَاقَبْتُمْ فَآتُوا الَّذِينَ ذَهَبَتْ

11 Lan manawa ana sawiji-wiji (saka maskawiné) para rabinira kebandhang saka sira marang para kafir, banjur gentèn gilirira, lah para kang tininggal rabiné iku

janji punika namung ngéngingi tumrap *tiyang jaler*, sarta janji punika dipun tetepi saèstu déning kanjeng Nabi. Kanjeng Nabi boten marengaken tiyang Muslimin ingkang lumajeng karana nyingkiri panganiayanipun tiyang Makkah andhèrèk panjenenganipun; awit saking punika mila para *titiyang jaler* wau lajeng sami damel golongan piyambak, boten sasambetan babar pisan kaliyan tiyang Muslimin ing Madinah, lan boten teluk dhateng titiyang ing Makkah. Ing salajengipun kayektènipun bab prakawis punika langkung cetha malih déning lalampahanipun Ummi Kultsum, anakipun èstri ‘Aqabah, sémahipun Amr bin ‘Ash. Ummi Kultsum wau kalayan dipun eteraken déning sadhèrèkipun jaler kakalih, Ammarah lan Walid, lumajeng dhateng Madinah. Ummi Kultsum katampi wonten ing Madinah, nanging sadhèrèkipun jaler kakalih kawangsulaken dhateng tanganipun tiyang kafir déning Kanjeng Nabi (Rz). Menggah ing sajatos jatosipun, titiyang Quraisy ngawontenaken janji ingkang kados makaten wau kanthi mengku sedya sampun ngantos titiyang Muslimin wewah kakiyatanipun déning ngempalipun titiyang ingkang sami ngrasuk Islam énggalan wau. Milanipun nalika Kanjeng Nabi ngandika dhateng titiyang Quraisy, bilih janji wau boten tumindak tumrap titiyang èstri, titiyang Quraisy inggih puran-purun kémawon. Sarta, sanajan janji punika boten tumindak tumrap tiyang èstri, sagedipun titiyang èstri wau angsal pangayoman, namung manawi maskawinipun kasukakaken wangsul dhateng lakinipun, murih ingkang jaler wau boten nandhang pituna. Manawi maskawin wau sampun katampi déning ingkang jaler, pegat lajeng nama sampun dhumawah; titiyang èstri wau lajeng kénging kasémah déning tiyang Muslimin.

2490. Mangsulaken maskawin dhateng lakinipun ingkang rumiyin, punika dados tandha pedhoting sasambetan sesémahan kaliyan piyambakipun; tumrap sesémahan énggal, èstri kedah dipun sukani maskawin.

2491. Kaum Muslimin lan titiyang kafir punika tansah dumunung wonten ing kawontenan perang ingkang terus-terusan tanpa wonten kèndel-kèndelipun; awit saking punika antawisipun golongan kakalih wau boten saged wonten sasambetan babrayan punapa kémawon, sarta inggih awit saking punika mila sasambetan sesémahan antawisipun titiyang jaler Muslimin kaliyan titiyang èstri kafir, makaten ugi antawisipun titiyang èstri Muslimin kaliyan titiyang jaler kafir, mesthi boten saged lastantun wonten. Manawi satunggal-satunggalipun golongan sampun mangsulaken rnaskawin, *ipso facto* (kalayan kajengipun piyambak) pegat lajeng dhumawah sami sanalika.

أَزْوَاجُهُم مِّثْلَ مَا أَنفَقُوا ۚ وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي أَنتُم بِهِ مُؤْمِنُونَ ⑪

wèwèhna sapira anggoné wus padha ambayar; lan padha di tuhu-tuhu ing (wajibira marang) Allah, kang sira iku padha angèstu marang Panjenenganè.[2492]

يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ إِذَا جَاءَكَ الْمُؤْمِنَاتُ يُبَايِعْنَكَ عَلَىٰ أَن لَّا يُشْرِكْنَ بِاللَّهِ شَيْئًا وَلَا يَسْرِقْنَ وَلَا يَزْنِينَ وَلَا يَقْتُلْنَ أَوْلَادَهُنَّ وَلَا يَأْتِينَ بِبُهْتَانٍ يَفْتَرِينَهُ بَيْنَ أَيْدِيهِنَّ وَأَرْجُلِهِنَّ وَلَا يَعْصِينَكَ فِي مَعْرُوفٍ ۙ فَبَايِعْهُنَّ وَاسْتَغْفِرْ لَهُنَّ اللَّهَ ۖ إِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ⑫

12 O, Nabi! samangsa ana wong wadon mukmin tumeka marang sira, aprasetya marang sira yèn ora bakal nyakuthokaké sawiji-wiji karo Allah, lan ora bakal nyonyolong sarta ora bakal alaku sèdhèng, tuwin ora bakal matèni anak-anaké, apa déné ora bakal anekakaké pitenah olèhmu gawé-gawé dhéwé, lan ora bakal ambangkang marang sira ing dalem prakara becik, iya tampanana prasetyané sarta suwunna pangapura ing Allah; sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[2493]

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَتَوَلَّوْا قَوْمًا غَضِبَ اللَّهُ عَلَيْهِمْ قَدْ يَئِسُوا مِنَ الْآخِرَةِ كَمَا يَئِسَ الْكُفَّارُ مِنْ أَصْحَابِ الْقُبُورِ ⑬

13 O, para kang padha angèstu! aja padha mimitran karo kaum kang katiban bebenduning Allah; sayekti dhèwèké iku ilang pangarep-arepé marang akhirat, kaya ilanging pangarep-arepé wong-wong kafir marang kang padha ana ing kubur.[2494]

2492. Tiyang jaler Muslimin ingkang boten tampi wangsulan maskawin saking sémahipun kafir ingkang nilar piyambakipun, dipun idini mendhet lilintu saking arta ingkang pancènipun kabayaraken kanggé mangsulaken maskawinipun èstri Muslimin ingkang lumajeng saking titiyang kafir lajeng anggolong dhateng titiyang Muslimin, utawi mendhet lilintu saking arta jarahan perang (Kf). Ingkang makaten punika perlu, awit titiyang kafir sami suthik mangsulaken maskawinipun titiyang èstri ingkang anggolong dhateng piyambakipun. Nanging inggih dipun pèngetana, bilih sanadyan kados makaten punika tandukipun titiyang kafir dhateng titiyang Muslimin, suprandéné titiyang Muslimin tetep kadhawuhan mangsulaken dhateng titiyang kafir maskawinipun titiyang èstri ingkang ngungsi dhateng titiyang Muslimin.

2493. Para mufassirin ingkang kathah sami mastani bilih mundhut prasetya kados ingkang kadhawuhaken ing ayat punika namung katindakaken déning Kanjeng Nabi ing sasampunipun nagari Makkah bedhah, inggih punika duk nalika titiyang jaler lan titiyang èstri byuk-byukan sami ngrasuk agami Islam. Rz ngandharaken lalampahan punika sadaya kalayan jalèntrèh, sawenèh wangsulanipun Hindun, sémahipun Abu Sufyan, wangsulan ingkang gandem, ugi kasebutaken.

2494. Ingkang dipun karsakaken: titiyang Yahudi. Titiyang Yahudi wonten sagolongan ingkang boten ngandel ing dinten kiyamat; bab punika kasebutaken wonten ing wekasaning,dhawuh ing ayat punika.

سُورَةُ الصَّفِّ مَدَنِيَّةٌ (٦١)

SURAT 61

ASH-SHAFF

(*Pabarisan*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*2 ruku', 14 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kamenanganipun Islam.
Ruku' 2. Kedah mawi pangurbanan ingkang ageng.

Katerangan gerban

Sasampunipun para Muslimin kaawisan mimitran kaliyan tiyang kafir wonten ing surat ingkang sampun, sarta sampun kasasmitakaken wonten ing ayat 7, bilih mimitran tumunten badhé pulih kados wingi-nguni, ing surat punika para Muslimin lajeng dipun pangandikani bilih menangipun Islam ingkang wekasan punika badhé mulihaken mimitran wau, jalaran manawi para titiyang kafir nyepeng panguwaos, ingkang kaparsudi boten sanès tamtu namung anggènipun badhé mejahi papadhanging Islam kémawon. Awit saking punika, ngemungaken sarana anjumenengaken papréntahan Islam kémawon, sagedipun kawontenan rahayu punika jumeneng wonten ing tanah Arab. Namanipun surat punika kapirid saking dhawuh ingkang andhawuhaken dhateng para Muslimin perang ambélani agami kalayan *ababarisan*, awit ing sapunika perang punika perlu sanget kanggé rumeksa gesangipun umat Islam. Sasampunipun andhawuhaken makaten wau, ruku' ingkang sapisan punika lajeng wiwit nyebutaken conto panganiaya ingkang kasandhang déning Kanjeng Nabi Musa saking umatipun piyambak, sarta lajeng nyebutaken piwecanipun Kanjeng Nabi 'Isa bab rawuhipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. ingkang anyethakaken bilih yakti punika wasananipun methi menang. Lajeng kasambetan piweca bab menangipun Islam kaliyan agami sanès-sanèsipun sadaya, ingkang dhadhasaring kanyataanipun piweca punika sampun kapasang nalika sugengipun Kanjeng Nabi, inggih punika kawonipun sadaya agami ing tanah Arab. Ruku' ingkang kaping kalih mituturi para Muslimin, manawi sami kepéngin kanyataan saèstu wahananipun piweca punika, para Muslimin kedah sami nyarempeng wonten ing margining yakti, sarwi nyebutaken tuladhanipun Kanjeng Nabi 'Isa, ingkang ing wekasanipun para pandhèrèkipun sami angsal damel anggèning mencaraken yakti, sanajan katingalipun mengsah menang.

Titimangsaning tumurunipun

Sadaya para saged angakeni bilih surat punika kadhawuhaken ing Madinah. titimangsanipun ingkang trep boten saged katamtokaken kalayan gumathok, nanging saged kakinten-kintenaken nalika taun Hijrah 4, inggih punika nalika para Muslimin ngalami jaman prihatos ingkang sanget, margi kapitunan ingkang kasandhang wonten ing Uhud. Wiwit ing wiwitan mila piweca-piweca ingkang mecakaken bab kamenangan, punika anggènipun kaundhangaken mesthi wonten ing wekdal nalika kawontenan-kawontenan ingkang murugaken ngangsalaken kamenangan wau sanget anggènipun sungsang buwana balik kawontenanipun, dadosipun ing nalika katemtuan ingkang ngyakinaken punika dipun betahaken sanget.

RUKU' 1

Kamenanganipun Islam

1-4. Para Muslimin kadhawuhan ambélani agami kalayan kiyat. 5. Panandhangipun Kanjeng Nabi Musa. 6, 7. Piwecanipun Kanjeng Nabi 'Isa dhateng badhé rawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad. 8, 9. Piweca badhé kamenanganipun Islam anglindhih sadaya agami.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Samubarang kang ana ing langit-langit lan samubarang kang ana ing bumi Mahasucèkaké Allah; lan Panjenengané iku Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Wicaksana.

سَبَّحَ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ ۚ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ۝١

2 O, para kang padha angèstu! yagéné sira padha nyalathokaké apa kang sira ora nglakoni?

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لِمَ تَقُوْلُوْنَ مَا لَا تَفْعَلُوْنَ ۝٢

3 Banget ora dadi pirena ana ngarsaning Allah yèn sira ngandakaké apa kang sira ora nglakoni.[2495]

كَبُرَ مَقْتًا عِنْدَ اللّٰهِ اَنْ تَقُوْلُوْا مَا لَا تَفْعَلُوْنَ ۝٣

4 Sayekti, Allah iku remen marang para kang padha perang ing dadalan-É ababarisan kaya déné témbok siji kang kukuh.

اِنَّ اللّٰهَ يُحِبُّ الَّذِيْنَ يُقَاتِلُوْنَ فِيْ سَبِيْلِهٖ صَفًّا كَاَنَّهُمْ بُنْيَانٌ مَّرْصُوْصٌ ۝٤

5 Lan nalika Musa calathu marang kaumé: O, kaumku! yagéné kowé padha anusahaké aku, *mangka* temen kowé padha weruh, yèn aku iki Utusaning Allah marang kowé? Ananging bareng dhèwèké padha mèncèng, Allah amèncèngaké atiné, lan Allah iku ora nuntun wong kang padha murang yekti.

Ar. *lan*

وَاِذْ قَالَ مُوْسٰى لِقَوْمِهٖ يٰقَوْمِ لِمَ تُؤْذُوْنَنِيْ وَقَدْ تَّعْلَمُوْنَ اَنِّيْ رَسُوْلُ اللّٰهِ اِلَيْكُمْ ۗ فَلَمَّا زَاغُوْٓا اَزَاغَ اللّٰهُ قُلُوْبَهُمْ ۗ وَاللّٰهُ لَا يَهْدِى الْقَوْمَ الْفٰسِقِيْنَ ۝٥

2495. Punika pitutur dhateng para titiyang ingkang ngaken angèstu dhateng yakti, tindakipun kedah sarwa laras kaliyan pangakenipun.

6 Lan nalika ‘Isa anak lanangé Maryam calathu: É, para turun Israil! sayekti aku iki Utusaning Allah marang kowé, ambeneraké marang barang kang ana ngarepku, yaiku Taurèt, sarta awèh pawarta bungah kalawan Utusan kang bakal rawuh sapungkurku, asmané Ahmad;[2496] ananging bareng panjenengané wis rawuh kalawan tandha yekti cetha, padha calathu: Iki kemayan kang terang.[2497]

وَاِذۡ قَالَ عِيۡسَى ابۡنُ مَرۡيَمَ يٰبَنِىۡۤ اِسۡرَآءِيۡلَ اِنِّىۡ رَسُوۡلُ اللّٰهِ اِلَيۡكُمۡ مُّصَدِّقًا لِّمَا بَيۡنَ يَدَىَّ مِنَ التَّوۡرٰىةِ وَمُبَشِّرًاۢ بِرَسُوۡلٍ يَّاۡتِىۡ مِنۡۢ بَعۡدِى اسۡمُهٗۤ اَحۡمَدُؕ فَلَمَّا جَآءَهُمۡ بِالۡبَيِّنٰتِ قَالُوۡا هٰذَا سِحۡرٌ مُّبِيۡنٌ ۞

2496. Kanjeng Nabi ‘Isa ngleresaken Tauret, kitabipun Kanjeng Nabi Musa, ing ngriki punika ingkang dipun karsakaken: piweca ing Tauret ingkang mecakaken rawuhipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. Bab punika kasebutaken kalayan terang wonten ing péranganipun ingkang wekasan dhawuh punika; ing ngriku kapangandikakaken bilih Kanjeng Nabi ‘Isa mecakaken bab badhé rawuhipun Kanjeng Nabi wau. Kedah dipun èngeti bilih Kanjeng Nabi punika asmanipun kalih: Muhammad lan Ahmad; kakalihipun sami asal saking tembung *hamad*, ingkang jawinipun: *puji*. Tembung *Muhammad* punika tegesipun *wong kang banget pinuji* utawi *wong kang tansah pinuji* (LA, O-LL); déné tembung *Ahmad* tegesipun *kang banget mumuji.* Sampun kakinten bilih anggènipun mangandikakaken Kanjeng Nabi ‘Isa punika plek kados tetembungan ingkang kawahyokaken ing Quran Suci wau, jalaran ingkang dipun agem déning Kanjeng Nabi ‘Isa punika basa Ngibrani, sanès basa Arab. Wonten prakawis ingkang angèl, inggih punika pangandikanipun Kanjeng Nabi ‘Isa ingkang saèstu kados ingkang kapangandikakaken kala samanten, boten kerimat wonten ing Injil sakawan; tiyang ing jaman samangké namung gadhah cepengan jarwan ing basa Yunani: ing ngriku wonten tembungipun *paraclete*, ingkang wonten ing jarwan basa Jawi dipun jarwani *juru-pirembag.* Kita sampun sami mangertos, bilih jarwan, punika asring nyeling-serepaken, awit saking punika tembung *paraclete* ing babon Yunani, utawi *juru-pirembag* ing jarwan basa Jawi, punika boten anedahaken kados pundi tembungipun ingkang asli wonten ing basa ingkang dipun agem ngandika Kanjeng Nabi ‘Isa. Nanging sadaya sisifatan ingkang katerangaken wonten ing Yuhanan 14: 16 tuwin 16: 7, punika sadaya pinanggih wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. Kasebutaken bilih juru-pirembag wau badhé lastantun ing salami-laminipun; lah, saréngatipun Kanjeng Nabi inggih kados makaten, awit ing sapengkeripun Kanjeng Nabi sampun boten wonten Nabi malih ingkarg mulangaken saréngat énggal. Kasebutaken panjenenganipun badhé mulangaken sadaya prakawis; lah rawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad punika kalayan ngampil *syari’at* ingkang sampurna. Ingkang cetha piyambak, ingkang kasebut ing Yuhanan 16: 12-14 makaten: “Isih kari akèh prakara kang perlu dakwarahaké ing kowé, mangka saiki kowé padha durung gadug anampani. Nanging sarawuhé kang kasebut mau, yaiku rohing kayektèn, iku bakal dadi panuntunmu marang sajroning kasampurnané kayektèn. Déné mungguh pamangsité iku bakal ora ana kang saka karsané piyambak, mung apa sapamiyarsané iku kang bakal diwangsitaké, sarta kowé diparingi sumurup kahanan ing bésuké, roh iku bakal mulyakaké aku.” Lah, piweca bab *Rohing kayektèn*, ingkang kasebutaken kalayan terarg wonten ing Yuhanan 14: 17 sami kaliyan juru-pirembag, punika namtokaken bab-bab ing ngandhap punika: (1) Kanjeng Nabi ‘Isa boten paring tuntunan dhateng kasampurnaning kayektèn, awit piwulangipun Kanjeng Nabi ‘Isa punika menggah ing sajatosipun namung katujokaken nganggé ambangun titiyang Israil, sarta panjenenganipun namung anglepat-nglepataken awonipun bangsa Israil wau; piwulangipun sang juru-pirembag punika piwulang ingkang sampurna, nuntun manusa dhateng kasampurnaning kayektèn sarta ngemungaken Quran Suci piyambak kitab suci ingkang ngaken dados angger-angger ingkang sampurna. (2) pamanggihipun sang jururembag wau boten wonten ingkang saking karsanipun piyambak, wangsul punapa sapamiyarsanipun punika ingkang dipun wangsitaken; pratélan punika

2497. *Mirsanana kaca candhakipun.*

7 Lan sapa kang luwih nganiaya tinimbang wong kang agawé-gawé doracara ditibakaké marang Allah, mangka dhèwèké diajak marang Islam; lan Allah iku ora nuntun marang wong kang padha nganiaya.[2498]	وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرَىٰ عَلَى اللَّهِ الْكَذِبَ وَهُوَ يُدْعَىٰ إِلَى الْإِسْلَامِ ۚ وَ اللَّهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ ٧

nunggil suraos kaliyan piweca ingkang kasebut ing Pangandharing Tauret 18: 18 "Ing lésané bakal Ingsun isèni pangandika-Ningsun" inggih punika sisifatan ingkang namung pinanggih wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi Muhammad. (3) panjenenganipun badhé mulyakaken Kanjeng Nabi 'Isa; Kanjeng Nabi Muhammad pancèn mulyakaken Kanjeng Nabi 'Isa, inggih punika asarana angundhangaken, bilih sadaya pangawon-awon ingkang umpuk-umpukan katumrapaken dhateng Kanjeng Nabi 'lsa tuwin ingkang ibu, punika sadaya gogorohan blaka. Namung saprakawis ingkang boten dipun mathuki golongan Nasrani, bab kanyataaning piweca wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi Muhammad ingkang sampun terang punika inggih punika dupèh ing ngriki *Sang juru-pirembag* wau kasebut *rohing kayektèn*, dados mesthinipun boten mathuk manawi tembung punika katumrapaken kanggé mastani tiyang. Nanging sumangga kula aturi anggalih punapa sababipun déné Kanjeng Nabi 'Isa mastani panjenenganipun (Rohing kayektèn) wau *juru-pirembag liyané*. Kados déné ingkang kasebut wonten ing 14: 16 punika; punika rak lajeng nedahaken manawi badhé rawuhipun rohing kayektèn punika kalayan awujud manusa, lah inggih kados rawuhipun Kanjeng Nabi 'Isa piyambak punika; salajengipun, miturut sadaya babad suci, guru punika mesthi manusa. Langkung-langkung kula sami boten saged ngantak-antakaken roh, ingkang pamangsitipun boten wonten ingkang saking karsanipun piyambak. Wangsul namung mangsitaken sabarang ingkang kapiyarsakaken, mangka manawi dipun cundhukaken kaliyan Pangandharing Tauret 18: 18 nedahaken kalayan terang kados Kanjeng Nabi Musa. Sarta malih perlu dipun pèngeti bilih ing Quran Suci Kanjeng Nabi Muhammad punika asring sinebut *Al-Haq* (*yakti*), kadosta ing, 17: 81: "Lan ngucapa, *yakti* wus teka, panggorohan sirna."

Prakawis sanès ingkang perlu kasebutaken, inggih punika piweca-piweca bab Kanjeng Nabi Muhammad ingkang mawarni-warni, punika menggah ing sajatos-jatosipun mecakaken lalampahan warni-warni ingkang dipun alami déning Kanjeng Nabi. Kanjeng Nabi punika pangalamaning sugengipun warni kalih, *jalal* lan *jamâl*, *kaagungan* lan *kaéndahan*: ingkang sapisan gumelar wonten ing dalem asma Muhammad, ingkang angka kalih wonten ing dalem asma Ahmad. Nabi ageng kakalih, Kanjeng Nabi Musa lan Kanjeng Nabi 'Isa, sadaya sami mecakaken Kanjeng Nabi Muhammad kalayan tetembungan ingkang mengku suraos nerangaken pangalaman sugengipun Kanjeng Nabi Muhammad ingkang nocogi kaliyan kawontenanipun piyambak-piyambak Nabi kakalih wau. Kaagungan, langkung cumetha wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi Musa, awit panjenenganipun punika Nabi, Rasul ingkang ngampil angger-angger, tur ratu. Déné kaéndahan, langkung cumetha wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi 'Isa, margi éndahing piwulangipun budipakarti. Sifat kakalih punika sadaya, ngalempak wonten ing sariranipun Kanjeng Nabi Muhammad saw.

2497. Kados déné ingkang kacetha kalayan terang wonten ing ayat candhakipun, ingkang dipun karsakaken wonten ing ngriki punika: Kanjeng Nabi Muhammad. Mirsanana katerangan ing ngandhap punika.

2498. "Kang agawé-gawé doracara ditibakaké marang Allah mangka dhèwèké diajak marang Islam," punika kedah dipun suraos para ingkang sami angemohi, inggih punika ingkang mastani yakti kemayan, kados déné ingkang kasebutaken ing wekasaning ayat ingkang sampun, lan kados déné ingkang kacetha wonten ing dhawuh candhakipun ingkang mungel makaten: lan Allah iku ora nuntun marang wong kang padha nganiaya. Inggih para titiyang punika, ingkang sami dipun ajak dhateng Islam, déné ingkang ngajak Kanjeng Nabi: ing panggènan sanès, Kanjeng Nabi sinebut makaten punika; minangka conto kula aturi mirsani 3: 192, 20: 108. Pangandel kamusyrikanipun para titiyang punika wonten ing Quran Suci marambah-rambah kasebut "gawé-gawé gogorohan," kadosta ing 6: 138 tuwin ing 6: 139.

8 Dhèwèké duwé karep arep anyirep papadhanging Allah kalawan cangkem-cangkemé, ananging Allah anyampurnakaké papadhangé, sanajan wong kafir padha gething.

يُرِيدُونَ لِيُطْفِـُٔوا نُورَ اللّٰهِ بِأَفْوَاهِهِمْ وَاللّٰهُ مُتِمُّ نُورِهِۦ وَلَوْ كَرِهَ الْكٰفِرُونَ ٨

9 Panjenengané iku kang wus angutus Utusan-É kalawan tuntunan sarta agama kang bener, supaya Panjenengané amenangaké iku, anglindhihaké agama sakabèhé, sanajan para wong musyrik padha gething.[2495]

هُوَ الَّذِيٓ أَرْسَلَ رَسُولَهُۥ بِالْهُدٰى وَدِينِ الْحَقِّ لِيُظْهِرَهُۥ عَلَى الدِّينِ كُلِّهِۦ وَلَوْ كَرِهَ الْمُشْرِكُونَ ٩

RUKU' 2

Kedah mawi pangurbanan ingkang ageng

10-13. Ing dalem prakawis kasunyatan, kurban bandha lan jiwa punika kedah. 14. Conto sahabatipun Kanjeng Nabi 'Isa.

10 O, para kang padha angèstu! apa gelem sira Ingsun tuduhaké dadagangan kang nylametaké sira saka siksa kang nglarani?

يٰٓأَيُّهَا الَّذِينَ اٰمَنُوا هَلْ أَدُلُّكُمْ عَلٰى تِجَارَةٍ تُنْجِيكُمْ مِّنْ عَذَابٍ أَلِيمٍ ١٠

11 Padha sira angèstua ing Allah lan Utusan-É sarta nyarempeng ing dadalaning Allah kalawan bandhanira lan jiwanira; mangkono iku luwih becik tumrapé sira, yèn sira iku padha weruh!

تُؤْمِنُونَ بِاللّٰهِ وَرَسُولِهِۦ وَتُجَاهِدُونَ فِي سَبِيلِ اللّٰهِ بِأَمْوَالِكُمْ وَأَنْفُسِكُمْ ۚ ذٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ ١١

12 Panjenengané bakal angapura marang sira ing kaluputanira sarta anglebokaké sira ing patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili lan padunungan kang becik ing sajroning patamanan kang langgeng; yaiku pituwas kang gedhé;

Ar. *ngisoré*

يَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَيُدْخِلْكُمْ جَنّٰتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهٰرُ وَمَسٰكِنَ طَيِّبَةً فِي جَنّٰتِ عَدْنٍ ۚ ذٰلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ ١٢

2495. Ayat 8 lan 9 punika isi piweca warni kalih. Ingkang sapisan amecakaken bilih sawarnining rékadaya badhé nyirnakaken Islam mesthi wuk boten kadumugèn, sarta kanyataanipun ingkang sampun-sampun inggih nyata boten kadumugèn. Ingkang kaping kalih amecakaken kalayan cumeplos, bilih Islam badhé dipun dadosaken agami ingkang menang sarta kanyataaning wahananipun piweca

13 Apa déné (nugraha) liyané, kang sira senengi: pitulung saka Allah tuwin kamenangan kang cepak; lan awèha pawarta bungah marang para mukmin.[2496]

وَ أُخْرٰى تُحِبُّوْنَهَا ۖ نَصْرٌ مِّنَ اللّٰهِ وَ
فَتْحٌ قَرِيْبٌ ۗ وَ بَشِّرِ الْمُؤْمِنِيْنَ ⑬

14 O, para kang padha angèstu! padha dadia panulung (tumrap prakarané) Allah, kaya déné anggoné ‘Isa anak lanangé Maryam calathu marang para sahabaté: Sapa panulungku ing dalem prakaraning Allah? Para sahabat mangsuli: Kula punika sami panulung ing dalem prakawising Allah.[a] Tumuli para turuning Israil kang sapérangan padha angèstu, kang sapérangan angafiri; banjur Ingsun anguwataké para kang padha angèstu angalahaké mungsuhé, mulané dhèwèké dadi sing menang nguwasani.[2497]

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا كُوْنُوْۤا اَنْصَارَ اللّٰهِ
كَمَا قَالَ عِيْسَى ابْنُ مَرْيَمَ لِلْحَوَارِيّٖنَ
مَنْ اَنْصَارِيْۤ اِلَى اللّٰهِ ۖ قَالَ الْحَوَارِيُّوْنَ
نَحْنُ اَنْصَارُ اللّٰهِ فَاٰمَنَتْ طَّآئِفَةٌ مِّنْ
بَنِيْۤ اِسْرَآءِيْلَ وَ كَفَرَتْ طَّآئِفَةٌ ۚ
فَاَيَّدْنَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا عَلٰى عَدُوِّهِمْ
فَاَصْبَحُوْا ظٰهِرِيْنَ ⑭

punika sampun kaseksèn déning tanah Arab ing nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi. Nanging piweca warni kalih punika taksih wonten tegesipun malih ingkang langkung jembar. Rékadaya badhé nyirnakaken Islam punika tansah wonten kémawon, milanipun Pangéran maringi janji bilih rékadaya wau sadaya mesthi badhé dipun wukaken atanpa tilas: malah kamenanganipun Islam kaliyan sadaya agami ing donya, ing satunggaling wekdal mesthi badhé kajumenengaken kalayan cetha pratéla kados déné ingkang sampun kalampahan wonten ing tanah Arab. Para mufassirin sami nerangaken bilih kamenangan punika badhé kalampahan lantaran Masih ingkang dipun janjèkaken (Rz).

2496. Piweca ing ayat ingkang sampun punika tumrap ing akhirat, déné piweca ing ayat punika menangipun titiyang Muslimin kaliyan para titiyang kafir.

2497. Pratélan punika nerangaken bab kamenanganing piwulangipun Kanjeng Nabi ‘Isa kaliyan para titiyang ingkang sami milawani pencaring piwulangipun, sarta amecakaken menangipun Islam ingkang wekasan kaliyan sadaya agami ing donya.

سُوْرَةُ الْجُمُعَةِ مَدَنِيَّةٌ (٦٢)

SURAT 62

AL-JUMU’AH

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*2 ruku’, 11 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’ 1. Para Muslimin kapiji nampèni nugrahanipun Pangéran.
Ruku’ 2. Solat Jumu’ah.

Katerangan gerban

Namanipun surat punika kapirid saking dhawuh ingkang andhawuhaken kalempakan wonten ing dinten *Jumu’ah*. Ruku’ ingkang sapisan, sasampunipun nyebutaken bilih Kanjeng Nabi punika juru-anucèkaken para pandhèrèkipun ingkang nunggil jaman kaliyan panjenenganipun tuwin para pandhèrèkipun ing pawingkingipun. Lajeng memèngeti para Muslimin bab babaya ingkang sampun anjalari ambrukipun bangsa Yahudi. Para Yahudi wau sami gadhah angger-angger ingkang kaserat, nanging piyambakipun boten sami netepi ruhaninipun angger-angger wau. Déné sababipun, awit para Yahudi wau sami manggung nengenaken dhateng kadonyan, ngantos dintenipun Sabbat punapa boten dipun tetepi, mangka pancènipun dinten wau kamligèkaken muhung namung kanggé ngibadah. Awit saking punika ruku’ ingkang kaping kalih dhawuh dhateng para Muslimin sampun ngantos sami nglirwakaken sembahyang jama’ah (sembahyang ingkang katindakaken kalayan sasarengan), sembahyang Jumu’ah kapangandikakaken kalayan mligi.

Wondéné titimangsaning anggènipun katurunaken surat punika kénging katamtokaken watawis ing taun Hijrah ingkang kaping kalih.

RUKU’ 1

Para Muslimin kapiji nampèni nugrahaning Pangéran

1-4. Nugrahaning Pangéran kaparingaken titiyang Islam lantaran Kanjeng Nabi Suci Muhammad. 5-8. Tepa tuladha bangsa Yahudi minangka pèpènget.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Sabarang kang ana ing langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi padha Mahasucèkaké Allah, Ratu, Ingkang-Sinuci, Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Wicaksana.

يُسَبِّحُ لِلّٰهِ مَا فِى السَّمٰوٰتِ وَمَا فِى الْاَرْضِ الْمَلِكِ الْقُدُّوْسِ الْعَزِيْزِ الْحَكِيْمِ ①

Ut. para wong Makkah
Ar. dhèwèké

2 Panjenenganė iku kang wus anjumenengaké ing jeroning *para kang ora sastra*[2502] sawijining utusan, unusan saka *kono*, amacakaké timbalan-timbalan-É marang dhèwèké, sarta anucèkaké dhèwèké, apa déné amulang Kitab lan Kawicaksanan marang dhèwèké, ing mangka sadurungé iku dhèwèké temen dumunung ing sajroning sasar kang tétéla,

هُوَ الَّذِيْ بَعَثَ فِي الْاُمِّيّٖنَ رَسُوْلًا مِّنْهُمْ يَتْلُوْا عَلَيْهِمْ اٰيٰتِهٖ وَيُزَكِّيْهِمْ وَيُعَلِّمُهُمُ الْكِتٰبَ وَالْحِكْمَةَ ۗ وَاِنْ كَانُوْا مِنْ قَبْلُ لَفِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ۙ﴿۲﴾

3 Sarta saliyané golongané kang durung sarawung karo dhèwèké; lan Panjenenganė iku Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Wicaksana.[2503]

وَّاٰخَرِيْنَ مِنْهُمْ لَمَّا يَلْحَقُوْا بِهِمْ ؕ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْحَكِيْمُ ﴿۳﴾

4 Iku nugrahaning Allah; Panjenenganė amaringaké iku marang sapa kang dadi kaparenging karsa-Né, lan Allah iku kang kagungan nugraha gedhé.

ذٰلِكَ فَضْلُ اللّٰهِ يُؤْتِيْهِ مَنْ يَّشَآءُ ؕ وَاللّٰهُ ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيْمِ ﴿۴﴾

Ar. ora (angrumasani) kabubuhan

5 Sanépané para kang kabubuhan Taurat banjur *anglirwakaké* iku, iku kaya sanépané kuldi ngemot kitab-kitab; ala sanépané wong

مَثَلُ الَّذِيْنَ حُمِّلُوا التَّوْرٰىةَ ثُمَّ لَمْ يَحْمِلُوْهَا كَمَثَلِ الْحِمَارِ يَحْمِلُ

2502. *Ummu-l-qurâ* punika nama ingkang dipun anggé mastani nagari Makkah, milanipun tiyang Makkah punika lajeng kasebut *ummi* (Majma'u-l-Bihâr); déné tegesipun sanès *ummi* punika *wutasastra* kateranganipun ingkang panjang bab tegesipun tembung punika, kula aturi mirsani 117, 950.

2503. Sahabat Abu Hurairah nerangaken "Aku kabèh padha lungguhan ana ngarsané Kanjeng Nabi nalika surat Jumu'ah katurunaké marang panjenengané; ing kono ana dhawuh kang muni: *saliyané golongané kang durung sarawung karo dhèwèké.* Aku nyuwun pirsa marang Kanjeng Nabi: "Sinten ta punika?" Panjenengané ora karsa maringi wangsulan, nganthi kaping telu anggonku nyuwun pirsa. Salman, bangsa Pérsi, iya mélu lungguh karo aku kabèh; Kanjeng Nabi banjur nyèlèhaké astané marang Salman sarwi ngandika: Nadyan silih iman iku ana ing lintang Tsuraya (*Pleiades*), wong-wong (utawi suwijining wong) saka antarané dhèwèké mesthi bakal anggayuh iku" (Bkh). Hadits punika anedahaken bilih ayat punika ngisarahi tiyang satunggal utawi titiyang sawatawis turunan Persi. Nanging para mufassirin sami nyuraos bilih ingkang dipun karsakaken punika bangsa sanèsipun bangsa Arab (Rz); mufassir sanèsipun nyuraos bilih ingkang dipun karsakaken punika sadaya tiyang Muslimin ing sasampuning jamanipun Kanjeng Nabi Suci (Rz, JB). Suraosipun ingkang umum saha anyrambahi dhawuh punika, kedah dipun anggep; suprandéné hadits ing Bkh wau anedahaken, bilih dhawuh punika ugi ngisarahi kalayan tartamtu dhateng satunggaling tiyang. Wonten hadits-hadits sanès malih ingkang anerangaken bilih, Masih badhé rawuh wonten ing antawisipun kaum Muslimin, ing kalanipun kaum Muslimin agogondhèlan angger-anggering agaminipun namung sacara ngawula ing tulis kémawon, tanpa ngèngeti ngesipun utawi ruhipun. Hadits-hadits ingkang nerangaken bab rawuhipun Masih wau kénging kanggé titikan bilih kathah èmperipun manawi ingkang dipun karsakaken ing hadits ingkang kasebutaken ing nginggil, punika inggih Masih wau utawi jamanipun Masih wau. Déné suraosipun: ing

kang padha anggorohaké marang timbalan-timbalaning Allah iku; lan Allah iku ora nuntun wong-wong kang atindak dudu.

كَذَّبُوا بِآيَاتِ اللَّهِ ۚ وَاللَّهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ ٥

6 Calathua: O, para kang padha Yahudi! manawa sira iku ngang-gep, yèn sira iku kakasihing Allah ngejabakaké manusa liyané, lah mara padha mangajapa pati, yèn sira iku para wong temen.[2504]

قُلْ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ هَادُوا إِنْ زَعَمْتُمْ أَنَّكُمْ أَوْلِيَاءُ لِلَّهِ مِنْ دُونِ النَّاسِ فَتَمَنَّوُا الْمَوْتَ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ٦

7 Lan ora bakal dhèwèké padha angajapa pati, salawasé, amarga saka panggawéning tangané kang uwis-uwis; lan Allah iku Anguda-nèni marang wong-wong kang atindak dudu.

وَلَا يَتَمَنَّوْنَهُ أَبَدًا بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ ۚ وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِالظَّالِمِينَ ٧

8 Calathua: Sayekti, pati, kang padha sira oncati iku, iku temen bakal anekani sira, banjur sira bakal padha dibalèkaké marang Ingkang-Anguningani kang ora ka-ton lan kang-katon, banjur Panje-nengané anjalèntrèhaké marang sira apa kang wus padha sira lakoni.

قُلْ إِنَّ الْمَوْتَ الَّذِي تَفِرُّونَ مِنْهُ فَإِنَّهُ مُلَاقِيكُمْ ۖ ثُمَّ تُرَدُّونَ إِلَىٰ عَالِمِ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ٨

RUKU’ 2

Salat Jumu’ah

9 O, para kang padha angèstu! samangsa pangundang marang salat ing dina Jumu’ah diuwuhaké, banjur padha gagancangana ma-rang éling maring Allah sarta aninggala dadagangan; iku luwih becik tumrapé sira, manawa sira iku padha weruh.[2505]

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذَا نُودِيَ لِلصَّلَاةِ مِنْ يَوْمِ الْجُمُعَةِ فَاسْعَوْا إِلَىٰ ذِكْرِ اللَّهِ وَذَرُوا الْبَيْعَ ۚ ذَٰلِكُمْ خَيْرٌ لَكُمْ إِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ ٩

wekdal kalanipun ruhipun Islam ingkang sajati ical (kesingkur), satunggaling tiyang utawi titiyang sawatawis ingkang tampi papadhang saking Kanjeng Nabi, badhé dipun jumenengaken, ingkang ngampil ayahan rnencaraken papadhanging Islam ing jagad.

2504. Nyuwun pejah ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika, sami kaliyan ingkang kapangandikakaken ing 2: 94. Mirsanana 138.

2505. Sembahyang *Jumu’ah* punika wekdalipun ing wanci luhur (ing tengahing raina sasampunipun

10 Lah manawa salat iku wis rampung, banjur padha sumebara ing bumi sarta padha angupayaa nugrahaning Allah, tuwin diakèh élingira marang Allah, supaya sira padha begja.

فَإِذَا قُضِيَتِ الصَّلٰوةُ فَانْتَشِرُوْا
فِي الْأَرْضِ وَابْتَغُوْا مِنْ فَضْلِ اللّٰهِ
وَاذْكُرُوا اللّٰهَ كَثِيْرًا لَّعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ ﴿١٠﴾

11 Lan samangsa padha weruh dadagangan utawa kasenengan, dhèwèké padha buyar sarta aninggal sira ngadeg. Calathua: Apa kang ana ing ngarsaning Allah iku luwih becik tinimbang kasenengan lan tinimbang dadagangan, lan Allah iku Becik-beciké Kangandum rijeki.

وَإِذَا رَأَوْا تِجَارَةً أَوْ لَهْوًا انْفَضُّوْا
إِلَيْهَا وَتَرَكُوْكَ قَآئِمًا ۗ قُلْ مَا عِنْدَ
اللّٰهِ خَيْرٌ مِّنَ اللَّهْوِ وَمِنَ التِّجَارَةِ ۗ
وَاللّٰهُ خَيْرُ الرّٰزِقِيْنَ ﴿١١﴾

sasampunipun surya lingsir mangilèn). Sembahyangipun namung kalih raka'at, dados boten sakawan raka'at kados manawi salat luhur, nanging sadèrèngipun katindakaken langkung rumiyin dipun wonteni *khuthbah* (sosorah). Dhawuhipun ayat punika saha ayat-ayat candhakipun, anedahaken bilih padamelan adat saben kénging dipun tindakaken déning tiyang Islam wonten ing dinten Jumuwah ing wanci sadèrèng lan sasampunipun sembahyang *Jumu'ah*. Dados, dinten Jumuwah punika boten kedah kadadosaken dinten kanggé ngaso, kados déné dinten Sabbat tumrap titiyang Yahudi lan titiyang Nasrani punika. Nanging tumut sasarengan sembahyang *Jumu'ah* punika wajib, boten kénging kalirwakaken. Sawanci-wanci adhan utawi panguwuh ngajak salat *Jumu'ah* kapireng, sok tiyang Muslimin wajib nilar padamelan punapa kémawon, sarta sanalika kedah lajeng gagancangan dhateng masjid. Kuciwa sanget, déné ing nagari kados déné nagari India, ingkang tiyangipun Muslimin pitungdasanan juta kathahipun, para pangageng ingkang kawogan dèrèng purun ngakeni wigatosipun tumrap titiyang Muslimin nindakaken pangibadah ingkang perluning-perlu punika, ngantos saweg énggal mangké kémawon; punika kémawon namung enggèn-enggènan. Saben bangsa sami gadhah dinten Sabbat, utawi dinten ingkang dipun mligèkaken saking dinten-dinten limrah ing salebetipun saminggu, tartamtu namung nganggé lalados ing Pangéran thok. Nanging menggah ing tumindakipun, sadinten keceput boten naté dipun pigunakaken kanggé sembahyang. Kosokwangsulipun, titiyang Muslimin ingkang dipun keparengaken nindakaken padamelanipun adat saben wonten ing dinten Jumuwah, punika malah langkung kathah wekdalipun ingkang dipun anggé sembahyang, katimbang kaliyan kathah-kathahipun tiyang ingkang nganggep dinten ingkang kaping pitu dados dinten Sabbat. Nyata, kajengipun dinten Sabbat punika murih tiyang kèndel ing sawatawis wekdal saking panyambut damelipun badan wadhag lan pandamelan ngoyak kelahiran, gentos nindakaken padamelan ruhani sarta marak wonten ing ngarsanipun Pangéran; nanging gelar yektinipun boten makaten tumindakipun. Kosokwangsulipun, Islam ngarsakaken sasambetan kalayan Pangéran punika kedah katindalaken saben dinten ing saminggu teterusan, sarta ambal kaping gangsal ing sadinten-dintenipun, tur ing wanci nedheng-nedhengipun kanggé nindakaken padamelan. Ingkang makaten punika ateges maringi kelonggaran sajati dhateng pandhèrèkipun kanggé anggugulang, ngecakaken sarta anggegesang anggotanipun ruhani, ingkang tumrap wonten ing tiyang sanès kèndel jenjem saéngga pejah. Pamérang-mérangipun sembahyang cara Islam, punika tikel tekuk langkung mathuk kanggé ngluhuraken ruhaninipun tiyang, tur saged suka tetedhan sajati dhateng jiwa, katimbang lan ingkang pinanggih wonten ing caraning manembah sanès-sanèsipun.

آياتها ١١ سورة المنفقون مدنية (٦٣) ركوعاتها ٢

SURAT 63

AL-MUNÂFIQÛN

(*Para tiyang lamis*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*2 ruku', 11 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Para lamis.
Ruku' 2. Pitutur.

Katerangan gerban

Kados déné ingkang kacetha wonten ing namanipun, surat punika ing sageblengipun mangandikakaken bab *Para Titiyang Lamis* tuwin nglepataken pakarti *lalamisan*. Ruku' ingkang sapisan mangandikakaken bab tiyang munafék, janji-janjinipun lalawora tuwin anggènipun sami kepéngin ningali Islam nandhang camah tuwin asor; déné ruku' ingkang kaping kalih mungkasi pangandika kalayan pitutur dhateng para Muslimin supados ingkang ikhlas (suci, resik) sarta boten kapikut ing katresnan dhateng bandha tuwin anak. Tiyang ingkang gogondhèlan dhateng satunggaling prakawis ingkang wigatos, manawi lalamisan, punika ambabayani sanget dhateng kamajenganipun prakawis wau; dados surat punika kaliyan surat ingkang sampun, wonten sasambetanipun.

Titimangsaning anggènipun katurunaken kénging katamtokaken ing jaman nalika para lamis sampun kasilahaken saking antawisipun para angèstu, ingkang kalampahanipun ingkang wiwitan nalika perang Uhud; dados kinten-kinten kémawon nalika taun Hijrah kaping tiga tumurunipun surat punika.

RUKU' 1

Para lamis

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

1 Nalika para lamis anekani sira, padha calathu: Kula sami aneksèni, saèstu Panjenengan punika temen Utusanipun Allah; sarta Allah angudanèni, sayekti sira iku temen Utusan-É, lan Allah aneksèni, sayekti para lamis iku temen wong goroh.

إِذَا جَاءَكَ الْمُنَافِقُونَ قَالُوا نَشْهَدُ إِنَّكَ لَرَسُولُ اللَّهِ ۗ وَاللَّهُ يَعْلَمُ إِنَّكَ لَرَسُولُهُ وَاللَّهُ يَشْهَدُ إِنَّ الْمُنَافِقِينَ لَكَاذِبُونَ ۝١

2 Padha angalap supatané minangka tatamèng, dadi padha nyimpang saka dadalaning Allah; sayekti ala apa kang padha dilakoni iku.

اتَّخَذُوا أَيْمَانَهُمْ جُنَّةً فَصَدُّوا عَن سَبِيلِ اللَّهِ ۚ إِنَّهُمْ سَاءَ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٢﴾

3 Mangkono iku amarga saka anggoné dhèwèké iku padha iman tumuli padha kafir; mulané *kancing* dipasang ing atiné, satemah awaké padha ora ngerti.[2506]

Ut. *cap, lak*

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ آمَنُوا ثُمَّ كَفَرُوا فَطُبِعَ عَلَىٰ قُلُوبِهِمْ فَهُمْ لَا يَفْقَهُونَ ﴿٣﴾

4 Lan manawa sira anyawang dhèwèké, angresepaké sira awaké, lan yèn calathu, sira kumudu-kudu ngrungu marang calathuné; dhèwèké iku prasasat glondhong disandhangi; pangirané sarupaning *petak* tumuju ing marang awaké. Dhèwèké iku mungsuh, mulané diprayitna marang dhèwèké; muga Allah anyirnakaké dhèwèké! saka ngapa dhèwèké padha maléngos?[2507]

Ut. *panjerit*

وَإِذَا رَأَيْتَهُمْ تُعْجِبُكَ أَجْسَامُهُمْ ۖ وَإِن يَقُولُوا تَسْمَعْ لِقَوْلِهِمْ ۖ كَأَنَّهُمْ خُشُبٌ مُّسَنَّدَةٌ ۖ يَحْسَبُونَ كُلَّ صَيْحَةٍ عَلَيْهِمْ ۚ هُمُ الْعَدُوُّ فَاحْذَرْهُمْ ۚ قَاتَلَهُمُ اللَّهُ ۖ أَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ﴿٤﴾

5 Lan manawa dhèwèké dicalathoni: padha mrénéa, Utusaning Allah bakal nyuwunaké pangapura sira, padha anggèdhègaké sirahé, lan sira sawang dhèwèké padha maléngos sarta padha gumedhé.

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ تَعَالَوْا يَسْتَغْفِرْ لَكُمْ رَسُولُ اللَّهِ لَوَّوْا رُءُوسَهُمْ وَرَأَيْتَهُمْ يَصُدُّونَ وَهُم مُّسْتَكْبِرُونَ ﴿٥﴾

6 Padha ingatasé dhèwèké, sira suwunaké pangapura utawa sira ora suwunaké pangapura marang awaké; sayekti Allah iku ora anuntun marang wong kang murang yekti.

سَوَاءٌ عَلَيْهِمْ أَسْتَغْفَرْتَ لَهُمْ أَمْ لَمْ تَسْتَغْفِرْ لَهُمْ لَن يَغْفِرَ اللَّهُ لَهُمْ ۚ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْفَاسِقِينَ ﴿٦﴾

2506. Kula aturi mèngeti; kados pundi anggènipun nerangaken dhawuh punika bab "manah dipun cap" punika. Ingkang nyababaken pandamelipun manusa piyambak, déné dhumawahipun bab punika namung dados wohing pandamel wau, tur punika woh ingkang boten kénging boten mesthi thukul.

2507. *Petak* ing ngriki ateges *pangrabasanipun mengsah*, *ingkang kalayan anjerit dumadakan nukup titiyangipun pancer* (TA-LL). Saben wonten mengsah angrabasa, para lamis sami mintonaken pakartinipun jirih sarta gadhah panginten bilih kaum Muslimin mesthi remuk déning mengsah-mengsahipun.

7 Dhèwèké iku para kang padha angucap: Aja padha angetokaké bandha tumrap sapa-sapa kang anyartani Utusaning Allah nganti yèn wis padha buyar. Lan kagunganing Allah kasugihan ing langit-langit lan bumi iku, ananging, para lamis padha ora mangerti.

هُمُ الَّذِيْنَ يَقُوْلُوْنَ لَا تُنْفِقُوْا عَلٰى
مَنْ عِنْدَ رَسُوْلِ اللّٰهِ حَتّٰى يَنْفَضُّوْا ؕ
وَلِلّٰهِ خَزَآئِنُ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ
وَلٰكِنَّ الْمُنٰفِقِيْنَ لَا يَفْقَهُوْنَ ﴿٧﴾

8 Dhèwèké padha calathu: Manawa aku padha bali marang Madinah, yekti sing kuwasa bakal nundhung sing asor saka ing kono; lan kagunganing Allah panguwasa iku sarta darbèking Utusan-É tuwin darbèking para mukmin, ananging para lamis padha ora weruh.[2508]

يَقُوْلُوْنَ لَئِنْ رَّجَعْنَآ اِلَى الْمَدِيْنَةِ
لَيُخْرِجَنَّ الْاَعَزُّ مِنْهَا الْاَذَلَّ ؕ وَلِلّٰهِ
الْعِزَّةُ وَلِرَسُوْلِهٖ وَلِلْمُؤْمِنِيْنَ وَلٰكِنَّ
الْمُنٰفِقِيْنَ لَا يَعْلَمُوْنَ ﴿٨﴾

RUKU' 2

Pitutur

9 O, para kang padha angèstu! aja nganti bandhanira lan anak-anakira anglalèkaké sira saka éling maring Allah; lan sapa sing tumindak mangkono iku, ya iku wong kang padha kapitunan.

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لَا تُلْهِكُمْ اَمْوَالُكُمْ
وَلَآ اَوْلَادُكُمْ عَنْ ذِكْرِ اللّٰهِ ۚ وَمَنْ
يَّفْعَلْ ذٰلِكَ فَاُولٰٓئِكَ هُمُ الْخٰسِرُوْنَ ﴿٩﴾

10 Lan padha amèwèhna rijeki paparing-Ingsun marang sira, ing sadurungé pati anekani salah sawijinira, kang satemah bakal munjuk: Pangéran kawula! punapaa Tuwan boten aparing sumené dhateng kawula sakedhap kémawon, supados kawula saged angedalaken sidhekah sarta dados golonganipun para titiyang tulus?

وَاَنْفِقُوْا مِنْ مَّا رَزَقْنٰكُمْ مِّنْ قَبْلِ اَنْ
يَّاْتِيَ اَحَدَكُمُ الْمَوْتُ فَيَقُوْلَ رَبِّ لَوْ
لَآ اَخَّرْتَنِيْۤ اِلٰۤى اَجَلٍ قَرِيْبٍ ۙ فَاَصَّدَّقَ
وَاَكُنْ مِّنَ الصّٰلِحِيْنَ ﴿١٠﴾

2508. Ngantos ing nalika jaman tumurunipun dhawuh punika, para munafék taksih gadhah panganggep awakipun piyambak punika dados golongan ingkang kiyat, santosa, margi sasarmbetan kaliyan mitranipun, titiyang kafir, sarta gadhah panganggep kaum Muslimin, golongan ingkang ringkih ingkang gampil dipun tundhung saking nagari Madinah. Nanging para lamis wau lajeng kadhawuhan, bilih piyambakipun piyambak ingkang badhé nandhang camah; sarta inggih kalampahan makaten saèstu, awit nalika para lamis katundhung saking masjid, namanipun tiyang munafék satunggal-satunggal dipun sebut kalayan sora. Wasananipun anggènipun sami milawani tanpa guna. Mirsanana 1090.

11 Lan samangsa wus tumeka semayaning mangsané, Allah ora bakal aparing sumené marang sawijining jiwa, lan Allah iku waspada marang apa kang sira lakoni.

وَلَنْ يُّؤَخِّرَ اللّٰهُ نَفْسًا اِذَا جَآءَ اَجَلُهَاۗ
وَاللّٰهُ خَبِيْرٌۢ بِمَا تَعْمَلُوْنَ ١١

رُكُوْعَاتُهَا ٢ سُوْرَةُ التَّغَابُنِ مَدَنِيَّةٌ (٦٤) اٰيَاتُهَا ١٨

SURAT 64

AT-TAGÂBUN

(*Kawedharing cacad*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*2 ruku', 18 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Para titiyang kafir dipun pèpèngeti.
Ruku' 2. Pitutur tumrap para Muslimin.

Katerangan gerban

Surat ingkang sampun-sampun anggènipun mangandikakaken para angèstu lan para kafir kalayan apilah-pilah. Surat punika anggènipun mangandikakaken titiyang kalih golongan wau kagerba dados satunggal; ing ngriki para kafir dipun pèpèngeti bab badhé angsal-angsalaning pandamelipun, déné para angèstu dipun ptuturi supados terus anggènipun lalampah murugi kaluhuran ruhani, tanpa mawi salah wèwèng dhateng kaéndahanipun donya salebetipun anggayuh kasampurnan. Dhawuh ingkang tumuju dhateng para kafir lan para mukmin punika kamot wonten ing ayat ingkang kaping kalih. Mungguh sanget surat punika dipun irah-irahi *Kawedharipun Cacad* punika, jalaran boten namung para titiyang kafir kémawon ingkang ing satunggaling dinten badhé ngalami kawedhar cacadipun, nanging para mukmin inggih badhé ngalami kawedhar cacadipun, manawi piyambakipun punika sami cupet ing lampah tuwin manawi sami nglirwakaken piwulang-piwulang énggal ingkang kaundhangaken minangka kanggé tuntunanipun, tur ngèndelaken kémawon manahipun nyalèwèng saking anggènipun badhé anggayuh kasampurnan manut piwulanging agami tuwin kasampurnaning budipakerti, déning panarikipun kadonyan.

Ruku' ingkang sapisan, sasampunipun marsitakaken bilih Allah punika Dhat Ingkang-Nitahaken manusa, inggih ingkang mukmin, inggih ingkang kafir, sarta sasampunipun marsitakaken agunging mahawikanipun Allah, lajeng maringi pèpènget dhateng para kafir bab nasibipun ingkang badhé dipun sandhang tuwin temahan ingkang badhé gumelar ing dintening himpunan; ingkang dipun karsakaken mecakaken kalayan terang gamblang bab badhé tempukipun ingkang sapisan para angèstu lan para kafir wonten payudan ing Badr, tuwin ing dinten kiyamat. Ruku' ingkang kaping kalih paring pitutur dhateng para Muslimin supados sami ambangun turut dhateng Kanjeng Rasul, sarta sampun ngantos sami kesasar dhateng margi ingkang boten leres déning panarikipun bandha tuwin kulawarga.

Pamanggih boten saged golong, punapa surat punika Makkiyah punapa Madaniyah; nanging ingkang kathah mastani Madaniyah. Pasaksèn saking isinipun nandhakaken manawi surat punika wahyu Madaniyah jaman wiwitan; jaman wiwitan sanget, ngantos perang Badr punika wonten ing ngriku taksih dipun wecakaken; lalamisan ingkang ing pawingkingipun tuwuh, kasasmitakaken wonten ing dalem pitutur ingkang wigatos memèngeti sampun ngantos kesasar déning katarik tresna ing bandha tuwin kulawarga. Lah inggih margi tumurun ing Madinah jaman wiwitan wau, ingkang murugaken sawenèh wonten ingkang mastani surat punika wahyu Makkiyah. Nanging manawi dipun timbang pamanggih ingkang mastani wahyu Madaniyah, punika ingkang langkung prayogi.

RUKU' 1

Para kafir dipun pèpèngeti

1-4. Allah anitahaken para mukmin lan para kafir sarta Panjenenganipun angudanèni pandamelipun. 5-7. Para kafir dipun èngetaken dhateng pandumipun para ingkang milawani para utusan. 8-10. Piyambakipun sami dipun pèpèngeti dintening kaimpun, badhé winedharing cacadipun.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Sabarang kang ana ing langit-langit lan sabarang kang ana ing bumi padha anebut mahasuci maring Allah; kagungan-É karaton iku sarta kagungan-É (sakèhing) pangalembana iku, lan Panjenengané iku marang samubarang kawasa.

يُسَبِّحُ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي
الْاَرْضِ ۚ لَهُ الْمُلْكُ وَلَهُ الْحَمْدُ ۫ وَهُوَ
عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ۝١

2 Panjenengané iku Kang anitahaké sira, ananging sawenèhira padha kafir lan sawenèhira padha mukmin; lan Allah iku amirsani marang sabarang panggawénira.

هُوَ الَّذِيْ خَلَقَكُمْ فَمِنْكُمْ كَافِرٌ وَّمِنْكُمْ
مُّؤْمِنٌ ؕ وَاللّٰهُ بِمَا تَعْمَلُوْنَ بَصِيْرٌ ۝٢

3 Panjenengané anitahaké langit-langit lan bumi kalawan kasunyatan sarta aparing rupa marang sira tuwin ambecikaké rupanira, lan marang Panjenengané pantoging paran iku.

خَلَقَ السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضَ بِالْحَقِّ
وَصَوَّرَكُمْ فَاَحْسَنَ صُوَرَكُمْ ۚ وَ
اِلَيْهِ الْمَصِيْرُ ۝٣

4 Panjenengané angudanèni sabarang kang ana ing langit-langit lan bumi sarta angudanèni apa kang sira singidaké lan apa kang sira wedhar; lan Allah iku Udani marang sabarang sajroning *ati*.

Ar. *dhadha*

يَعْلَمُ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَالْاَرْضِ وَ
يَعْلَمُ مَا تُسِرُّوْنَ وَمَا تُعْلِنُوْنَ ؕ
وَاللّٰهُ عَلِيْمٌ ۢبِذَاتِ الصُّدُوْرِ ۝٤

5 Apa ora wus tumeka marang sira caritané para kang biyén padha kafir banjur angrasakaké alaning temahané prakarané, sarta bagéané siksa kang nglarani?

اَلَمْ يَاْتِكُمْ نَبَؤُا الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ
قَبْلُ ۫ فَذَاقُوْا وَبَالَ اَمْرِهِمْ وَلَهُمْ
عَذَابٌ اَلِيْمٌ ۝٥

Ar. *utusané*

6 Iku amarga para *utusan* wus anekani dhèwèké kalawan tandha-tandha yekti, ananging dhèwèké padha calathu: Apa wong (baé) arep awèh pituduh marang aku? Banjur padha kafir lan maléngos, lan Allah iku ora butuh (apa-apa) sarta Allah iku Sugih, Pinuji.

ذَٰلِكَ بِأَنَّهُۥ كَانَت تَّأْتِيهِمْ رُسُلُهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ فَقَالُوٓا۟ أَبَشَرٌ يَهْدُونَنَا فَكَفَرُوا۟ وَتَوَلَّوا۟ ۚ وَّٱسْتَغْنَى ٱللَّهُ ۚ وَٱللَّهُ غَنِىٌّ حَمِيدٌ ﴿٦﴾

7 Para kang padha kafir ngira, yèn ora bakal padha ditangèkaké, Calathua: O, dhemi Pangéranku! temen sira bakal padha ditangèkaké, banjur temen sira bakal padha dijalèntrèhi apa kang wus padha sira lakoni; lan iku ingatasé Allah gampang.

زَعَمَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ أَن لَّن يُبْعَثُوا۟ ۚ قُلْ بَلَىٰ وَرَبِّى لَتُبْعَثُنَّ ثُمَّ لَتُنَبَّؤُنَّ بِمَا عَمِلْتُمْ ۚ وَذَٰلِكَ عَلَى ٱللَّهِ يَسِيرٌ ﴿٧﴾

8 Mulané padha angèstua ing Allah sarta Utusan-É tuwin papadhang kang Ingsun dhawuhaké; lan Allah iku marang samubarang kang sira lakoni Waspada.

فَـَٔامِنُوا۟ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَٱلنُّورِ ٱلَّذِىٓ أَنزَلْنَا ۚ وَٱللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرٌ ﴿٨﴾

9 Ing dinané Panjenengané angimpun sira marang dina pangimpunan, yaiku dina kawedharing cacad;[2509] lan sapa sing angèstu ing Allah sarta alaku becik, Panjenengané bakal ambirat alané saka awaké sarta anglebokaké dhèwèké ing patamanan kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, manggon ing kono salawasé; iku pakolèh kang gedhé.[2510]

Ar. *ngisoré*

يَوْمَ يَجْمَعُكُمْ لِيَوْمِ ٱلْجَمْعِ ۖ ذَٰلِكَ يَوْمُ ٱلتَّغَابُنِ ۗ وَمَن يُؤْمِنۢ بِٱللَّهِ وَيَعْمَلْ صَٰلِحًا يُكَفِّرْ عَنْهُ سَيِّـَٔاتِهِۦ وَيُدْخِلْهُ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ۚ ذَٰلِكَ ٱلْفَوْزُ ٱلْعَظِيمُ ﴿٩﴾

2509. Ing pangandika ngriki dinten kiyamat punika kasebut dintening kawedharipun cacad, awit ing dinten wau cacadipun manusa ingkang sumingid-sumingid badhé gumelar ngeblak kalayan sampurna. Nanging tumrap para titiyang kafir wonten ing gesang sapunika punika, ugi dipun blakaken cacad-cacadipun, inggih punika nalika ing *dintening kaimpun* (ing Badr) para titiyang wau sami cingak déné ringkih timen kakiyatanipun, ngantos lalawanan kaliyan kaum Muslimin ingkang cacah jiwanipun namung dhawah sapratiganipun kémawon, boten saged menang. Dados kawedharing cacad-cacadipun para kafir wau sampun kawiwitan duk kalanipun wonten ing gesang sapunika punika.

2510. Kapèngetana bilih tiyang ingkang nindakaken katulusan mesthi badhé dipun birat awonipun, jalaran gesangipun sampun éwah. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, samangsa gesangipun tiyang punika sampun kabangun kanthi sampurna, awon ingkang saged ugi sampun katindakaken ing wekdal ingkang sampun-sampun, mesthi tumunten lajeng kasirnakaken temahanipun.

10 Déné kang padha kafir sarta anggorohaké timbalan-timbalan Ingsun, iku kang manggon ing geni, ing kono pamanggoné, sarta ala pangungsèn iki.

وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا أُولَٰئِكَ
أَصْحَابُ النَّارِ خَالِدِينَ فِيهَا ۖ وَبِئْسَ الْمَصِيرُ ۝١٠

RUKU' 2

Pitutur tumrap para mukmin

11-13. Para mukmin kedah ambangun turut dhateng Utusan. 14-18 Panarik ing kadonyan kedah dipun tampik.

11 Ora ana kasangsaran tumiba kajaba kalawan idining Allah, lan sapa sing angèstu ing Allah, Panjenenganéa anuntun atiné; lan Allah iku marang samubarang Ngudanèni.

مَا أَصَابَ مِنْ مُصِيبَةٍ إِلَّا بِإِذْنِ اللَّهِ ۗ
وَمَنْ يُؤْمِنْ بِاللَّهِ يَهْدِ قَلْبَهُ ۚ وَاللَّهُ
بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ۝١١

12 Lan padha ambangun turuta ing Allah sarta ambangun turuta ing Utusan, ananging manawa sira padha maléngos, lah sasanggané Utusan-Ingsun iku mung anekakaké (ayahan) kang terang.

وَأَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ ۚ فَإِنْ
تَوَلَّيْتُمْ فَإِنَّمَا عَلَىٰ رَسُولِنَا
الْبَلَاغُ الْمُبِينُ ۝١٢

13 Allah iku, ora ana sesembahan kajaba Panjenengané; lan, mulané marang Allah kuduné kumandelé para mukmin.

اللَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۚ وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ
الْمُؤْمِنُونَ ۝١٣

14 É, para kang padha angèstu! sayekti sawenèhing bojo-bojonira lan anak-anakira iku mungsuh tumrapé sira,[2511] mulané padha prayitnanana; lan manawa sira muwung sarta momot tuwin angapura, lah sayekti Allah iku Aparamarta, Mahaasih.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِنَّ مِنْ أَزْوَاجِكُمْ
وَأَوْلَادِكُمْ عَدُوًّا لَكُمْ فَاحْذَرُوهُمْ ۚ
وَإِنْ تَعْفُوا وَتَصْفَحُوا وَتَغْفِرُوا فَإِنَّ
اللَّهَ غَفُورٌ رَحِيمٌ ۝١٤

2511. Jalaran asring kémawon kalampahan tiyang atindak dédé dhateng sanès karana sémah utawi anak-anakipun. Dados ing dalem sawenèh prakawis sémah utawi anak punika dados mengsahipun tiyang. Kula aturi mèngeti tembung *min* ingkang wonten ing ngriku punika; punika anedahaken bilih anak lan sémah punika boten mesthi murugaken tiyang tumindak awon, wangsul namung tarkadhang kémawon tiyang tumiyung dhateng awon margi anak lan sémah wau. Ayat sambetipun mangandi-

15 Bandhanira lan anak-anakira iku mung coba, lan Allah iku, ing ngarsané ana ganjaran gedhé.

إِنَّمَآ أَمْوَٰلُكُمْ وَأَوْلَٰدُكُمْ فِتْنَةٌ ۚ وَٱللَّهُ عِندَهُۥٓ أَجْرٌ عَظِيمٌ ﴿١٥﴾

16 Mulané dituhu-tuhu ing (kawajibanmu maring) Allah ing sabisa-bisanira sarta padha angrungokna lan ambangun turuta tuwin angetokna (bandha), iku luwih becik tumrap jiwanira; lan sapa sing kareksa saka kumeding jiwané, iku wong sing padha begja.

فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ مَا ٱسْتَطَعْتُمْ وَٱسْمَعُوا۟ وَأَطِيعُوا۟ وَأَنفِقُوا۟ خَيْرًا لِّأَنفُسِكُمْ ۗ وَمَن يُوقَ شُحَّ نَفْسِهِۦ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْمُفْلِحُونَ ﴿١٦﴾

17 Manawa sira amisungsung
a. 821 ing Allah pisungsung kang becik,[a] iku Panjenengané bakal anikeli aparing marang sira sarta angapura marang sira; lan Allah iku Kang tikel-matikel-paparingé wawales, Ingkang-Aris.

إِن تُقْرِضُوا۟ ٱللَّهَ قَرْضًا حَسَنًا يُضَٰعِفْهُ لَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ۚ وَٱللَّهُ شَكُورٌ حَلِيمٌ ﴿١٧﴾

18 Ingkang-angudanèni kang ora katon lan kang katon, Ingkang Kinawasa, Ingkang Wicaksana.

عَٰلِمُ ٱلْغَيْبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿١٨﴾

kakaken bandha lan anak punika dados *fitnah*, utawi *cobi*, awit inggih lumantar anak lan bandha punika cahyaning katulusan gumelar ngégla utawi ringkihing sèkèngipun manusa cetha awéla-wéla lir péndah raina.

ركوعاتها ٢ سُورَةُ الطَّلَاقِ مَدَنِيَّةٌ (٦٥) آياتها ١٢

SURAT 65

ATH-THALÂQ

(*Pegat*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*2 ruku', 12 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Angger-anggering pegat.
Ruku' 2. Makkah dipun pèpèngeti.

Katerangan gerban

Surat punika marsitakaken sawenèh pranatan bab pegat wonten ing ruku'-ipun ingkang sapisan, awit saking punika surat punika dipun namakaken *Pegat.* Ruku' ingkang kaping kalih paring pèpènget dhateng para titiyang Makkah sarta nerangaken bilih Kanjeng Nabi punika ambekta papadhang dhateng para titiyang wau. Angger-angger bab pegat punika sampun kadhawuhaken dhateng para Muslimin wonten ing surat ingkang kaping kalih; nanging kalèntuning panindak tumrap pranatan bab pegat wau, murugaken perlu dipun wewahi pitedah malih (mirsanana 2512). Pitedah punika kaparingaken minangka kanggé memèngeti para Muslimin sampun ngantos pranatan ingkang kapasang déning Islam punika katindakaken ingkang kalayan boten saleres-leresipun, sarta bab prakawis punika laras kaliyan prakawis ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing surat ingkang sampun.

Déné titimangsanipun nalika katurunaken, kénging kakinten-kintanaken watawis nalika taun Hijrah nem, inggih punika nalika lalampahan ingkang kasebut wonten ing ayat ingkang wiwitan piyambak punika kelampahan.

RUKU' 1

Angger-anggering pegat

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

1 O, Nabi! samangsa sira amegat wong-wong wadon, lah iku pegaten ing *'iddahé,*[2512] sarta étungen wilanganing dinané 'iddah iku, lan di tuhu-tuhu ing (wajibira maring) Allah, Pangéranira. Dhèwèké aja sira tundhung saka

Ut. *mangsané wus tinamtu*

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ إِذَا طَلَّقۡتُمُ ٱلنِّسَآءَ فَطَلِّقُوهُنَّ
لِعِدَّتِهِنَّ وَأَحۡصُواْ ٱلۡعِدَّةَۖ وَٱتَّقُواْ
ٱللَّهَ رَبَّكُمۡۖ لَا تُخۡرِجُوهُنَّ مِنۢ

2512. Ngidah utawi wekdal ingkang tinamtu, punika miturut 2: 228 ingkang limrah tigang sucènan. Nanging tumrap tiyang èstri ingkang saweg ngandhut, utawi tumrap ing sawatawis bab, ngidahipun katamtokaken wonten ing ayat 4 ing surat punika. Kedah dipun pèngeti, ing sageblengipun surat punika, saben nyebutaken prakawis-prakawis ingkang magepokan kaliyan prakawis pegat, mesthi kasambetan ing dhawuh ingkang mungel: *lan dituhu-tuhu ing wajibira maring Allah.* Punika kénging

padunungané sarta dhèwèké aja awèh lunga, kajaba manawa dhèwèké alaku sèdhèng kang tétéla; lan iki aweraning Allah; lan sapa sing mlangkah aweraning Allah, lah temen anganiaya jiwané dhéwé. Sira ora weruh, ambokmanawa sawisé iku Allah andadèkaké *balèn*.[2513]

Ar. *sawijining lalakon*

بُيُوتِهِنَّ وَلَا يَخْرُجْنَ إِلَّا أَن يَأْتِينَ بِفَاحِشَةٍ مُّبَيِّنَةٍ ۚ وَتِلْكَ حُدُودُ اللَّهِ ۚ وَمَن يَتَعَدَّ حُدُودَ اللَّهِ فَقَدْ ظَلَمَ نَفْسَهُ ۚ لَا تَدْرِي لَعَلَّ اللَّهَ يُحْدِثُ بَعْدَ ذَٰلِكَ أَمْرًا ①

2 Mulané, samangsa dhèwèké wus tumeka wawangening mangsa kang wus tinamtu, banjur wengkunen kalawan becik sarta anganggoa saksi loro kang adil saka antaranira, sarta anjejegna pasaksi maring Allah. Mangkono iku kanggo mituturi sapa-sapa sing angèstu marang Allah lan dina akhir; lan sapa sing tuhu-tuhu ing (wajibé maring) Allah, Panjenengané bakal adamel dalan pangluwaran tumrap marang dhèwèké.

فَإِذَا بَلَغْنَ أَجَلَهُنَّ فَأَمْسِكُوهُنَّ بِمَعْرُوفٍ أَوْ فَارِقُوهُنَّ بِمَعْرُوفٍ وَأَشْهِدُوا ذَوَيْ عَدْلٍ مِّنكُمْ وَأَقِيمُوا الشَّهَادَةَ لِلَّهِ ۚ ذَٰلِكُمْ يُوعَظُ بِهِ مَن كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ ۚ وَمَن يَتَّقِ اللَّهَ يَجْعَل لَّهُ مَخْرَجًا ②

3 Lan bakal amaringi rijeki saka ngendi-endi kang dhèwèké ora ngirak-ngiraké, lan sapa sing kumandel maring Allah, Panjenengané iku wis cukup tumrap dhèwèké; sayekti Allah iku kalakon karsa-Né; temen Allah wus anetepaké taker tumrap samubarang.

وَيَرْزُقْهُ مِنْ حَيْثُ لَا يَحْتَسِبُ ۚ وَمَن يَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ فَهُوَ حَسْبُهُ ۚ إِنَّ اللَّهَ بَالِغُ أَمْرِهِ ۚ قَدْ جَعَلَ اللَّهُ لِكُلِّ شَيْءٍ قَدْرًا ③

4 Wondéné wong-wong wadonira kang wus ilang pangarep-arepé anggarap sari, manawa sira semang-semang, lah 'iddahé telung

وَاللَّائِي يَئِسْنَ مِنَ الْمَحِيضِ مِن نِّسَائِكُمْ إِنِ ارْتَبْتُمْ فَعِدَّتُهُنَّ ثَلَاثَةُ

kanggé titikan bilih karsanipun Quran suci tiyang kedah ngatos-atos sanget ing dalem bab prakawis pegat. Kasebut ing hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi, pegat punika *barang halal (kaidèn) ingkang sanget anggènipun boten dipun renani déning Allah*. Tanpa usada pegat, sasambetan sesémahan ingkang saras, boten saged wonten ing dalem babrayan. Nanging tangsuling sesémahan punika kalangkung déning suci, milanipun tiyang kedah boten grusa-grusu anggagampil ngecakaken usada punika.

Dipun riwayataken bilih pranatan ingkang kasebut ing surat punika perlu kanggé ngleresaken prakawis seling-serepipun Bagéndha Ibnu 'Umar ing babagan bab pranatan pegat (Bkh).

2513. *Amr* utawi *sawijining lalakon* ing ngriki tegesipun *ruju'* utawi *balèn* (JB). Kapèngetana, nadyan tiyang ingkang katuju ing dhawuh wonten ing ngriki punika tiyang satunggal, nanging punika boten tumuju dhateng Kanjeng Nabi, wangsul tumuju dhateng tiyang jaler ingkang megat sémahipun.

Ut. *durung*

sasi, mangkono uga (tumrap) kang *ora* tau anggarap sari; déné (tumrapé) wong wadon kang ngandheg wawangening mangsané yaiku yèn wis nglahiraké kandhutané; lan sapa sing tuhu-tuhu ing (wajibé maring) Allah, Panjenengané bakal anggampangaké lalakoné dhèwèké.

اَشْهُرٍ وَّالّٰٓـِٔيْ لَمْ يَحِضْنَ ۗ وَاُولَاتُ
الْاَحْمَالِ اَجَلُهُنَّ اَنْ يَّضَعْنَ حَمْلَهُنَّ ۗ
وَمَنْ يَّتَّقِ اللّٰهَ يَجْعَلْ لَّهٗ مِنْ
اَمْرِهٖ يُسْرًا ٤

5 Iki dhawuhing Allah kang Didhawuhaké marang sira; lan sapa sing tuhu-tuhu ing (wajibé maring) Allah, Panjenengané bakal ambirat alané saka awaké sarta bakal aparing ganjaran gedhé marang dhèwèké.

ذٰلِكَ اَمْرُ اللّٰهِ اَنْزَلَهٗٓ اِلَيْكُمْ ۗ وَمَنْ
يَّتَّقِ اللّٰهَ يُكَفِّرْ عَنْهُ سَيِّاٰتِهٖ وَيُعْظِمْ
لَهٗٓ اَجْرًا ٥

6 Dhèwèké dunungna ing endi padununganira, murwat karo kasugihanira, lan aja sira gawé pituna, mundhak sira angrupekaké marang dhèwèké; lan manawa dhèwèké pinuju ngandheg, nafakahana nganti salahiring kandhutané; lah manawa dhèwèké anusoni *anakira,* wènèhana pituwasé, lan padha tutur-tinuturana ing antaranira anglakoni kabecikan; lan manawa sira padha ora sarujuk, cikbèn (wong wadon) liya kang bakal nusoni *anaké.*

Ar. *tumrap sira*

Ar. *tumrap dhèwèké*

اَسْكِنُوْهُنَّ مِنْ حَيْثُ سَكَنْتُمْ مِّنْ
وُّجْدِكُمْ وَلَا تُضَاۤرُّوْهُنَّ لِتُضَيِّقُوْا
عَلَيْهِنَّ ۗ وَاِنْ كُنَّ اُولَاتِ حَمْلٍ
فَاَنْفِقُوْا عَلَيْهِنَّ حَتّٰى يَضَعْنَ حَمْلَهُنَّ ۚ
فَاِنْ اَرْضَعْنَ لَكُمْ فَاٰتُوْهُنَّ اُجُوْرَهُنَّ ۚ
وَأْتَمِرُوْا بَيْنَكُمْ بِمَعْرُوْفٍ ۚ وَاِنْ
تَعَاسَرْتُمْ فَسَتُرْضِعُ لَهٗٓ اُخْرٰى ٦

7 Wong sing kadunungan kaombèran supaya ambalanjakna saka kaombèrané, lan sapa sing rizekiné rupek iya ambalanjakna apa paparinging Allah marang awaké; Allah ora angemoti sasanggan marang sawijining jiwa, kajaba sapira barang paparing-É marang dhèwèké; Allah bakal adamel gampang sawisé angèl.[2514]

لِيُنْفِقْ ذُوْ سَعَةٍ مِّنْ سَعَتِهٖ ۗ وَمَنْ
قُدِرَ عَلَيْهِ رِزْقُهٗ فَلْيُنْفِقْ مِمَّآ
اٰتٰىهُ اللّٰهُ ۗ لَا يُكَلِّفُ اللّٰهُ نَفْسًا اِلَّا
مَآ اٰتٰىهَا ۗ سَيَجْعَلُ اللّٰهُ بَعْدَ عُسْرٍ يُّسْرًا ٧

2514. Kula aturi mèngeti pitedah bab garapipun dhateng tiyang èstri ingkang kasebut wonten ing ayat punika saha ing ayat ingkang sampun. Tiyang èstri wau kedah dipun panggènaken wonten ing

RUKU' 2

Makkah dipun pèngeti

8-10. Wuwulang saking nagari-nagari ingkang dipun lebur. 11, 12. Kanjeng Nabi ambekta para mukmin saking pepeteng dhateng papadhang.

8 Wus pira baé kutha kang ambaléla marang paréntahing Pangérané sarta Utusan-É! mulané, iku Ingsun timbang (kalawan) panimbang kang keras sarta Ingsun siksa (kalawan) siksa kang abot.[2515]

وَكَاَيِّنْ مِّنْ قَرْيَةٍ عَتَتْ عَنْ اَمْرِ رَبِّهَا وَرُسُلِهٖ فَحَاسَبْنٰهَا حِسَابًا شَدِيْدًا ۙ وَّعَذَّبْنٰهَا عَذَابًا نُّكْرًا ﴿٨﴾

9 Mulané, iku ngrasakaké alaning temahané lalakoné, sarta temahaning lalakoné iku karusakan.

فَذَاقَتْ وَبَالَ اَمْرِهَا وَكَانَ عَاقِبَةُ اَمْرِهَا خُسْرًا ﴿٩﴾

10 Allah wus anyepakaké siksa kang abot tumrap dhèwèké, mulané di padha tuhu-tuhu ing (wajibira maring) Allah, o, wong kang duwé akal, kang padha angèstu! sayekti Allah anurunaké pépéling marang sira.

اَعَدَّ اللّٰهُ لَهُمْ عَذَابًا شَدِيْدًا ۙ فَاتَّقُوا اللّٰهَ يٰٓاُولِى الْاَلْبَابِ ۛ ۚ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا ۛ ۚ قَدْ اَنْزَلَ اللّٰهُ اِلَيْكُمْ ذِكْرًا ﴿١٠﴾

11 Utusan kang macakaké marang sira timbalan-timbalaning Allah kang terang, supaya dhèwèké angetokaké para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik saka ing pepeteng marang papadhang. Sapa sing angèstu ing Allah lan anglakoni kabecikan, iku bakal dilebokaké ing patamanan kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, padha manggon ing kono salawasé; sayekti Allah aparing rijeki becik marang dhèwèké.

Ar. *ngisoré*

رَّسُوْلًا يَّتْلُوْا عَلَيْكُمْ اٰيٰتِ اللّٰهِ مُبَيِّنٰتٍ لِّيُخْرِجَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ مِنَ الظُّلُمٰتِ اِلَى النُّوْرِ ۗ وَمَنْ يُّؤْمِنْ بِاللّٰهِ وَيَعْمَلْ صَالِحًا يُّدْخِلْهُ جَنّٰتٍ تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْاَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ فِيْهَآ اَبَدًا ۗ قَدْ اَحْسَنَ اللّٰهُ لَهٗ رِزْقًا ﴿١١﴾

panggènan ingkang dipun enggèni piyambak déning ingkang jaler, boten kénging dipun damel nandhang pituna, sarta manawi ingkang jaler sugih, piyambakipun kedah ingkang pradah anggènipun ngragadi ingkang èstri. Pitedah punika sadaya paring kalenggahan dhateng èstri sami kaliyan ingkang jaler.

2515. Kapèngetana, pitedah dhateng para angèstu sinartan pèpènget dhateng para mengsah.

12 Allah iku kang wus anitahaké langit pitu sarta bumi sapadhané iku;[2516] katetepan iku bakal tansah tumurun ing antarané iku, supaya sira padha weruha, yèn Allah iku marang samubarang Kawasa lan yèn Allah iku temen ngélmu(-Né) anglimputi samubarang.

اَللّٰهُ الَّذِىۡ خَلَقَ سَبۡعَ سَمٰوٰتٍ وَّمِنَ
الۡاَرۡضِ مِثۡلَهُنَّ ؕ يَتَنَزَّلُ الۡاَمۡرُ
بَيۡنَهُنَّ لِتَعۡلَمُوۡۤا اَنَّ اللّٰهَ عَلٰى كُلِّ شَىۡءٍ
قَدِيۡرٌ ۙ وَّاَنَّ اللّٰهَ قَدۡ اَحَاطَ بِكُلِّ
شَىۡءٍ عِلۡمًا ۝١٢

2516. Pratélan ing ngriki bilih wonten "langit pitu sarta bumi sapadhané iku," punika saged anggamblangaken punapa tegesipun langit-langit punika samangsa mawi kasebutaken cacah pitu. Ing panggènan sanès langit pitu punika kasebut *dalan pitu*; dados manawi makaten bumi pitu punika saged ateges planit pitu ingkang ageng-ageng, ingkang kagolong ing wewengkonipun surya kita - *solar system* -(bumi kita piyambak, ingkang angka wolu), déné garis kalanganipun (*falak*- utawi *orbit*-ipun) kasebut langit pitu utawi margi pitu. Nanging inggih dipun èngetana bilih asring kémawon langit-langit kasebutaken tanpa mawi kasebutaken cacahipun, sarta mengku teges titah bangsaning lintang ing sagemblengipun. Prakawis sanès malih ingkang ugi pantes pinèngetan, inggih punika sesebutan langit pitu punika boten teka ateges mastani bilih boten wonten tunggalipun malih, punika boten. Maksudipun tembung pitu tuwin rembag bab prakawis punika ing salajengipun, katerangaken wonten ing 46.

Katetepan tansah badhé tumurun ing antawisipun sadaya wau, punika dipun werdèni déning Mjd mengku teges: ing ngriku inggih wonten pejah lan gesang (Rz), dados Quran nayogyani pamanggih ingkang mastani bilih ing planit-planit sanès ugi wonten titah ingkang asifat gesang.

آياتها ١٢ سُورَةُ التَّحْرِيمِ مَدَنِيَّةٌ (٦٦) ركوعاتها ٢

SURAT 66

AT-TAHRÎM

(*Awisan*)

KADHAWUHAKEN ING MADINAH

(*2 ruku', 12 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Tembayatanipun Kanjeng Nabi wonten ing dalem.
Ruku' 2. Kamajengan badhé kagayuh déning para mukmin.

Katerangan gerban

Surat punika kawastanan surat *At-Tahrim* utawi *Awisan*. Déné nama makaten punika kapirid saking pratélan ingkang kasebut wonten ing ayat ingkang wiwitan piyambak, ingkang nerangaken Kanjeng Nabi (tuwin para ingkang sami andhèrèk panjenenganipun) sampun ngantos ngawisi dhateng awakipun piyambak barang ingkang pancènipun kaidèn déning Allah. Dhawuh pratélan wau déning para pengarang Nasrani dipun anggé dhadhasar nyerang dhateng bubudènipun Kanjeng Nabi. Tuwan Sale, ingkang kapeksa mastani cariyos ingkang kaandharaken wonten ing jarwanipun Dr. Prideaux: "Pangawon-awon ingkang anèh," piyambakipun piyambak meksa boten saged suwala saking panggodha tumut ngandharaken dodongèngan, ingkang ngawon-awon bubudènipun satunggaling tiyang ingkang agaminipun dipun ajrihi margi dados mengsahing agami Nasrani ingkang ageng piyambak. Kajawi titimbangan sanès-sanèsipun, saweg urut-urutaning surat kémawon, manawi dipun tingali saèstu sampun cekap kanggé ambuktèkaken bilih dodongèngan ingkang dipun anggé dhadhasaring panyerang dhateng Kanjeng Nabi wau, nadyan mawi bukti punapa kémawon, punika *sanès ingkang dipun kersakaken* wonten ing ayating Quran Suci punika. Boten nama ngayawara manawi kaaturaken bilih dodongènganipun para juru-kritik Nasrani wau, sanajan inggih dipun sebutaken déning sawenèh mufassir, punika boten angsal pasaksèn saking kitab hadits ingkang kénging pinitados kados déné Bukhari lan Muslim punika. Kosokwangsulipun, lalampahan ingkang dipun riwayataken déning Imam Bukhari, punika malah suka pasaksèn papancasan ingkang terang, bilih dodongènganipun para pengarang Nasrani wau dora. Awit nalika nyebutaken ayat punika Imam Bukhari nyebutaken lalampahan warni kalih, ingkang wigatos piyambak lan ingkang misuwur piyambak inggih punika cariyos anggènipun pipisahan Kanjeng Nabi kaliyan para garwanipun ing sawatawis wekdal (sawulan); lah inggih punika "ngawisi barang ingkang dipun idini déning Allah" punika. Sarta, rèhning surat ingkang sampun marsitakaken bab pegat, nama sampun mathis sanget manawi lajeng kasambetan ing surat ingkang mawi anyebutaken pisah ing sawatawis wekdal wau. Cariyos pipisahan kaliyan para garwa ing sawatawis wekdal punika, lalampahan ingkang misuwur wonten ing babad sugengipun Kanjeng Nabi, sarta, rèhning cariyos punika saged anerangaken kalayan terang pratélan ingkang kasebut wonten ing Quran, nama sampun saleresipun manawi ayat wau kasuraos magepokan kaliyan lalampahan punika.

Dados ruku'-ipun ingkang sapisan surat punika mangandikakaken bab sasrawunganipun Kanjeng Nabi kaliyan para garwa, déné ruku' ingkang kaping kalih mangandikakaken kamajengan ingkang badhé dipun alami déning para pandhèrèkipun ingkang setya. Manawi ruku' kakalih punika namung kawaos sagrambyangan, saged ugi sasambetanipun boten katingal melok, mila kados wonten perlunipun katerangaken sawatawis. Tembung *zauj*, ingkang tegesipun *rabi*, utawi *laki*, punika ugi ateges *mitra* utawi *kanca* (A-LL); sasambetan ruhani antawisipun Kanjeng Nabi kaliyan para pandhèrèkipun ingkang setya punika asring kasanépakaken sacara ngibarat kaliyan sasambetanipun laki

RUKU’ 1

Tembayatanipun Kanjeng Nabi wonten ing dalem

1, 2. Pipisahan sawatawis mangsa. 3, 4. Tuladha tembayatan utami salebeting griya. 5. Para garwanipun Kanjeng Nabi. 6, 7. Paréntah umum.

Kalawan asmaning Allah Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
1 O, Nabi! yagéné sira anglarangi (tumrap awakira dhéwé) barang kang wus dikenakaké déning Allah tumrap marang sira; sira angupaya pirena para garwanira; lan Allah iku Aparamarta, Mahaasih.[2517]	يٰٓاَيُّهَا النَّبِيُّ لِمَ تُحَرِّمُ مَآ اَحَلَّ اللّٰهُ لَكَ ۚ تَبْتَغِيْ مَرْضَاتَ اَزْوَاجِكَ ۗ وَاللّٰهُ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ۝١

lan rabinipun. Perlu dipun pèngeti ugi bilih wonten ing ayat-ayatipun ingkang pungkasan ruku’ ingkang kaping kalih wau, para kafir lan para mukmin kasanépakaken kaliyan titiyang èstri, inggih punika garwanipun Kanjeng Nabi Nuh lan garwanipun Kanjeng Nabi Luth tumrap para kafir, garwanipun raja Fir’aun lan Siti Maryam ingkang ibu Kanjeng Nabi ‘Isa tumrap para mukmin.

Titimangsaning tumurunipun surat punika kénging winastan nalika watawis taun Hijrah 7, inggih punika kinten-kinten titimangsaning kelampahanipun pipisahan wau.

2517. Kados déné ingkang sampun katerangaken ing ngajeng, ayat punika asring dipun anggé gagaran nyerang dhateng sugengipun Kanjeng Nabi ingkang sampun dipun akeni suci mulus punika. Kacariyosaken bilih ayat punika nyebutaken sasambetan sesémahanipun Kanjeng Nabi kaliyan Mariyah, tiyang èstri bangsa Mesir. Cariyosan, nalika sasambetan kaliyan Mariyah wau konangan déning garwanipun Kanjeng Nabi ingkang asma Hafshah, Kanjeng Nabi lajeng supaos bilih boten pisan-pisan badhé canthuk-lawung malih kaliyan Mariyah wau. Lah, cariyos punika lajeng winastan prakawis “andurusi pépénginan ingkang boten resik.”

Sapinten aosipun cacriyosan punika saged katitik saking wutah gumelaring kanyataan, bilih Siti Mariyah punika sasambetanipun kaliyan Kanjeng Nabi, sami kémawon lenggahipun kaliyan para garwanipun Kanjeng Nabi sanès-sanèsipun, malah Siti Mariyah punika puputra kakung satunggal kaliyan Kanjeng Nabi Suci, inggih punika Ibrahim, ingkang séda nalika taksih timur. Manawi makaten, punapa sababipun sasambetan laki-rabi antawisipun Kanjeng Nabi kaliyan Siti Mariyah ndadak dipun sujanakaken? Lan punapa sababipun déné sasambetan suci, sasambetan laki-rabi, teka winastan andurusi “pépénginan ingkang boten resik?” Rak sampun genah ta laki-rabi punika perluning-perlu, dalasan kanggé mujudaken gesanging manusa punika? Punapa punika sanès salah satunggaling bukti ingkang kathah panunggilanipun, ingkang ambuktèkaken rupaking dhadhanipun golongan Nasrani, saha remenipun golongan Nasrani milawani Islam, tur kalayan sacara sawenang-wenang lan boten mawi ngèngèh-ngèngèh punika? Siti Mariyah punika sanès tiyang èstri bangsa Arab, awit saking punika saged ugi pinanggihipun wonten ing babrayan lenggahipun boten sami kaliyan garwanipun Kanjeng Nabi sanès-sanèsipun. Nanging sasambetanipun Siti Mariyah kaliyan Kanjeng Nabi, punika boten teka asifat peteng. Kajawi punika Siti Mariyah sebagai *ibuning putra kakung* (ar. *Ummi walad*), pangkatipun sami kaliyan para garwanipun Kanjeng Nabi, awit miturut gelar yekti, Kanjeng Nabi Suci punika boten naté ngingah réncang tumbasan. Kawontenanipun Siti Shafiyah kénging dipun anggé tuladha bab prakawis punika. Siti Shafiyah punika tawanan perang, dados dipun rengkuha kadi déné réncang tumbasan kéngang-kénging kémawon; suprandéné wiwit wiwitan mila panjenenganipun punika dados garwa (garwanipun Kanjeng Nabi), panjenenganipun boten naté karengkuh kalayan

pangrengkuh ingkang miyambaki, ingkang béda kaliyan para garwa sanèsipun. Makaten ugi inggih boten wonten titik-titikanipun bilih Siti Mariyah naté karengkuh boten kados déné *ibuning putra kakung*. Dados awit saking punika, cacriyosan ingkang nyariyosaken bilih margi kauningan déning Siti Hafshah anggènipun akaron sih kaliyan Siti Mariyah, Kanjeng Nabi sakalangkung kuwur panggalihipun ngantos lajeng apratignya bilih boten badhé canthuk-lawung malih kaliyan Siti Mariyah, punika cacriyosan damel-damelan blaka. Wutah gumelaring kawontenan ingkang nyata saged anggo-rohaken pangawon-awon wau, lan saged adamel cetha awéla-wéla bilih cacriyosan wau bangsaning cacriyosan-cacriyosan damelanipun para pangarang Nasrani ingkang sumedya ngawon-awon Islam.

Wondéné kateranganipun para mufassirin makaten: Kanjeng Nabi ngrawuhi Siti Mariyah, mangka kaleres giliranipun rawuh wonten ing dalemipun Siti Hafshah. Suprandéné dalasan para mufassir kados déné IJ pisan inggih wonten ingkang anggadhahi pamanggih, bilih ingkang dipun karsakaken dhawuh punika anggènipun Kanjeng Nabi Suci nyirik kempal kaliyan garwa salebetipun sawulan, utawi anggènipun Kanjeng Nabi ngawisi sariranipun piyambak dhahar maben karana mituruti karsanipun salah satunggaling garwanipun. Sawenèh mufassir ugi wonten ingkang anggadhahi pamanggih bilih ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika salah satunggalipun lalampahan ingkang mentas kasebutaken wau. Tuwan Sale saged nyatakaken bab punika wonten ing Bd, manawi piyambakipun boten gadhah kitab tafsir sanèsipun. Pancèn anèh temenan caranipun nyukarta golongan Nasrani. Salah satunggalipun juru-kritik Nasrani wau mastani lalampahan ingkang mentas kasebutaken wau "cariyos ingkang lucu": tuwan Noeldeke mastani, ambokmanawi kémawon cariyos wau damel-damelanipun Siti 'Aisyah, déné sababipun kasebutaken, margi Siti 'Aisyah punika ingkang enggel piyambak kasangkut ing prakawis pradondi punika. Anèhipun, sabab ingkang dipun sebutaken déning tuwan Noeldeke wau, kosokwangsul kaliyan cariyos ingkang kaanggep leres déning tuwan Noeldeke piyambak. Manawi cariyos ingkang dipun pilih déning tuwan Sale, tuwan Muir tuwin sanès-sanèsipun punika kaanggep leres, ingkang baku piyambak kasangkut ing prakawis pradondi wau Siti Hafshah. Lan malih, manawi cariyos wau nyata saèstu, kula sami boten saged mastani punapa lepatipun Siti Hafshah lan Siti 'Aisyah salah satunggal; mangka manawi miturut cariyos bab dhahar maben wau, Siti Hafshah lan Siti 'Aisyah ingkang lepat. Punapa perlunipun Siti 'Aisyah damel-damel cariyos ingkang malah nglepataken sariranipun piyambak (sanajan ta namung sawatawis)? Mangka manawi miturut cariyosipun para tukang kritik Nasrani Siti 'Aisyah boten lepat. Boten wonten sabab-sabab ingkang mikantuki sariranipun Siti 'Aisyah, manawi kapara nyata panjenenganipun damel-damel cacriyosan wau. Malah manawi cariyos bab dhahar maben wau boten nyata, panjenenganipun mesthi nulak cariyos wau. Déné Siti 'Aisyah ngriwayataken hadits ingkang nglepataken sariranipun piyambak, punika malah amratandani bilih hadits-hadits ingkang nyariyosaken bab Kanjeng Nabi punika nyata kénging pinitados sanget; jalaran punika anedahaken bilih para sahabat sami ngatos-atos, satiti tuwin lugu manawi ngriwayataken pangandika tuwin lalampahan-lalampahanipun Kanjeng Nabi Suci. Wondéné lalampahan wau dipun andharaken déning Siti 'Aisyah makaten: "Kanjeng Nabi saw. sok dhahar madu ana ing omahé Zainab; Hafshah lan aku sarujuk arep padha matur marang Kanjeng Nabi yèn panjenengané anggondha kaya déné mentas dhahar *Magâfir*." Nalika sampun kelampahan sami munjuk saèstu, Kanjeng Nabi kepareng ngagem unjukipun garwa kakalih wau, sarta aprajanji kalayan tuhu-tuhu bilih panjenenganipun boten badhé dhahar maben malih. Lah cacriyosan punika boten teka damel-damelan; jalaran ingkang ngriwayataken Siti 'Aisyah, kathik isinipun mawi nyebutaken bukti sawatawis ingkang lèrègipun lumawan Siti 'Aisyah, mangka lalampahan ingkang dipun anggep nyata déning raos panggethingipun golongan Nasrani, sakedhik kémawon boten wonten ingkang ngawon-awon Siti 'Aisyah.

Wondéné pamanggih kula, ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika bab prakawis Kanjeng Nabi apratignya pipisahan kaliyan garwa ing sawatawis wekdal. Wawaton ingkang sakalangkung kiyat, kadosta Bagéndha 'Umar, nerangaken bilih ingkang dipun karsakaken wonten ing ayat-ayat punika inggih prakawis pipisahan ing sawatawis wekdal wau. Imam Bukhari ngriwayataken hadits-ipun I'Ab ing ngandhap punika wonten ing panggènan nalika panjenenganipun nafsiri surat punika. Miturut hadits punika I'Ab sampun dangu anggènipun semang-semang sinten èstri kakalih ingkang kapangandikak-aken wonten ing surat punika. Ing satunggaling dinten sareng panjenenganipun piyambakan kaliyan Bagéndha 'Umar lajeng pitaken dhateng Bagéndha 'Umar bab prakawis punika. I'Ab nerangaken, nalika panjenenganipun dèrèng rampung anggènipun ngandika, Bagéndha 'Umar lajeng kémawon ngandika bilih tiyang èstri wau Siti 'Aisyah tuwin Siti Hafshah, salajengipun Bagéndha 'Umar lajeng ngandharaken cariyosipun ingkang panjang. Bagéndha 'Umar suka andharan dhateng Bagéndha I'Ab,

2 Sayekti Allah wus anetepaké luwaring pratiknyanira; lan Allah iku Pangayomanira, sarta Panjenengané iku Ingkang-Angudanèni, Ingkang-Wicaksana.[2518]

قَدْ فَرَضَ اللّٰهُ لَكُمْ تَحِلَّةَ اَيْمَانِكُمْ ۚ وَاللّٰهُ مَوْلٰىكُمْ ۚ وَهُوَ الْعَلِيْمُ الْحَكِيْمُ ﴿٢﴾

3 Lan nalika nabi kalawan sisidheman awèh warta marang sawenèhing garwané – ananging bareng iki amartakaké iku (marang liyané)

وَاِذْ اَسَرَّ النَّبِيُّ اِلٰى بَعْضِ اَزْوَاجِهٖ حَدِيْثًا ۚ فَلَمَّا نَبَّاَتْ بِهٖ وَاَظْهَرَهُ

bilih ing nalika jaman jahiliyah boten wonten tata-cara nyukani wewenang dhateng tiyang èstri, ngantos dumugi wekdal nalika Gusti Allah nurunaken dhawuh bab prakawis titiyang èstri wau, kados déné ingkang kawahyokaken wonten ing Quran Suci punika. Bagéndha ‘Umar ngandika: “ing satunggaling dinten sémah kula nyariyosi kula, kula kedah makaten-makaten tumrap ing babagan prakawis ingkang makaten-makaten.” Bagéndha ‘Umar lajeng mangsuli kalayan cekak: “kuwi dudu urusanmu.” Ingkang garwa ngandika “kapriyé ta! anakmu wédhok dhéwé (Siti Hafshah) wani mangsuli sakecap padha sakecap marang Kanjeng Nabi, nganti panjenengané ora rena; kowé ora seneng yèn aku ngandhani kowé ing sawijining prakara.” Sanalika Bagéndha ‘Umar lajeng murugi Siti Hafshah, sarta mituturi Siti Hafshah sampun sok mabeni Kanjeng Nabi. “Ing bab prakara iki kowé aja tiru-tiru ‘Aisyah,” makaten pituturipun Bagéndha ‘Umar dhateng ingkang putra. Bagéndha ‘Umar lajeng tindak dhateng panggènanipun Siti Ummi Salmah. Kalayan cekak Siti Ummi Salmah mangsuli dhateng Bagéndha ‘Umar, bilih sanès urusanipun Bagéndha ‘Umar nyampuri rembag prakawis- prakawis ing antawisipun Kanjeng Nabi kaliyan para garwanipun. Boten let dangu kaliyan punika, Kanjeng Nabi misah saking para garwanipun sadaya ing sawatawis wekdal kanthi supaos boten badhé tindak dhateng dalemipun sintena kémawon ing antawising para garwa wau ing salebetipun sawulan. Sareng pawartos bab punika kapiyarsa Bagéndha ‘Umar, Bagéndha ‘Umar lajeng tumunten sowan ing Kanjeng Nabi Suci sarta ngandharaken sabarang rèh ingkang sampun kelampahan antawisipun Siti Hafshah, Ummi Salmah lan panjenenganipun piyambak. Nalika midhangetaken unjukipun Bagéndha ‘Umar wau Kanjeng Nabi gumujeng kekel.

Lalampahan punika anedahaken kalayan terang bilih manut panyuraosipun Bagéndha ‘Umar ayat punika nyebutaken bab prakawis pipisahan ing sawatawis wekdal wau. Sarta rèhning lalampahan punika lalampahan ingkang misuwur sanget, tur menggah ing kayektènipun sampun boten wonten semang-semangipun malih, milanipun kathah èmperipun manawi inggih lalampahan punika ingkang kasebutaken wonten ing ayat angka satunggal punika. Lalampahan punapa kémawon ingkang dipun karsakaken ing ayat punika, punapa lalampahan bab ngunjuk maben, punapa pipisahan ing sawatawis wekdal, sami kémawon, inggih punika sami déné anedahaken, bilih pangrengkuhipun Kanjeng Nabi Suci dhateng para garwa, punika tansah adhadhasar asih lan tresna. Awit panjenenganipun tansah sawega milaur nandhang kikirangan punapa kémawon, katimbang damel cuwaning para garwanipun. Lah inggih pangrengkuh ingkang saé punika, ingkang murugaken sugengipun Kanjeng Nabi wonten ing dalem tansah seneng lan tentrem boten wonten sakawis-kawis.

2518. Dhawuh ingkang mungel قد فرض الله لكم تحلة ايمانكم wonten ing ngriki punika déning tuwan Dr. Prideaux dipun jarwani “Allah wus ngidini ing sira akaron sih karo baturira wadon.” Manawi anggènipun tuwan Doktor tumindak makaten wau pancèn boten kajarag, pratandha manawi piyambakipun punika babar pisan boten mangertos dhateng basa Arab. Tiyang ingkang kados piyambakipun kawontenanipun, ingkang gelaripun makaten dados sarjana basa Arab nasaraken tiyang kathah ingkang kirang seserepanipun, punika manawi katembungaken ingkang alus piyambak: ngisin-isini.

Nebusi supaos punika kaiden wonten ing dhawuh ing 5: 89, ingkang tumurunipun sampun langkung rumiyin katimbang lan surat punika. Awit saking punika nama mrakosa ing kasunyatan, manawi winastan bilih tumurunipun ayat punika kalayan mengku pamrih ngéngingaken Kanjeng Nabi akaron sih kaliyan Siti Mariyah, tiyang èstri bangsa Qibthi (bangsa Mesir).

sarta Allah aparing weruh prakara iku marang panjenengané, panjenenganė ameruhaké sapéranganė lan sapérangan liyané disisihaké; bareng panjenenganė aparing weruh prakara iku marang dhèwèké, dhèwèké matur: sinten ingkang amartosaken prakawis punika dhateng panjenengan? Pangandikané: Ingkang-Mahawikan, Ingkang-Waspada kang martani aku.[2519]

اللّٰهُ عَلَيْهِ عَرَّفَ بَعْضَهٗ وَاَعْرَضَ
عَنْۢ بَعْضٍ ۚ فَلَمَّا نَبَّاَهَا بِهٖ قَالَتْ
مَنْ اَنْۢبَاَكَ هٰذَا ۗ قَالَ نَبَّاَنِيَ
الْعَلِيْمُ الْخَبِيْرُ ﴿٣﴾

4 Manawa sira sakaro padha tobat maring Allah, lah sayekti atinira wus tumiyung (mrono), lan manawa sira sakaro padha saiyeg bantu-binantu lumawan panjenengané, lah sayekti Allah *iku* Pangayomané, sarta Jibril apa déné para mukmin anglakoni kabecikan tuwin para malaikat, iku kang dadi panulung sawisé iku.

Ar. *Panjenengané iku*

اِنْ تَتُوْبَآ اِلَى اللّٰهِ فَقَدْ صَغَتْ قُلُوْبُكُمَا ۚ
وَاِنْ تَظٰهَرَا عَلَيْهِ فَاِنَّ اللّٰهَ هُوَ مَوْلٰىهُ
وَجِبْرِيْلُ وَصَالِحُ الْمُؤْمِنِيْنَ ۚ
وَالْمَلٰۤىِٕكَةُ بَعْدَ ذٰلِكَ ظَهِيْرٌ ﴿٤﴾

5 Ambokmanawa, Pangérané, manawa panjenengané amegat ing sira,[2520] bakal aparing liliru garwa kang luwih becik tinimbang sira (yaiku) wadon sumarah, mukmin, mituhu, ahli mratobat, bekti, dhemen puasa, randha tuwin prawan.

عَسٰى رَبُّهٗٓ اِنْ طَلَّقَكُنَّ اَنْ يُّبْدِلَهٗٓ
اَزْوَاجًا خَيْرًا مِّنْكُنَّ مُسْلِمٰتٍ مُّؤْمِنٰتٍ
قٰنِتٰتٍ تٰۤىِٕبٰتٍ عٰبِدٰتٍ سٰۤىِٕحٰتٍ
ثَيِّبٰتٍ وَّاَبْكَارًا ﴿٥﴾

2519. Boten wonten hadits ingkang kénging pinitados, ingkang nerangaken lalampahan punapa ingkang tartamtu dipun karsakaken wonten ing dhawuh punika. Nanging menggah ing sajatos-jatosipun, prakawis ingkang kita betahaken dipun sumerapi, punika sanès kok lalampahanipun ingkang saèstu, nanging piwulang budipakerti ingkang adiluhung, ingkang wonten ing ngriku. Saéning pangrengkuhipun Kanjeng Nabi dhateng para garwanipun, punika dados sekar-lathi. Kasebut ing hadits panjenenganipun ngandika makaten: "wong kang becik dhéwé ing antaranira, yaiku wong kang luwih becik garapé marang bojoné; ana déné aku iku kang becik dhéwé pangrengkuhé marang bojo-bojoku, katimbang lan kowé kabèh." Saèstu, angèl sanget sagedipun tiyang badhé ngukur sapinten genging asihipun Kanjeng Nabi dhateng para èstri; jalaran sampun wonten buktinipun, lenggahing èstri ingkang tanpa wonten wewenangipun babar pisan punika, déning panjenenganipun kasengkakaken ing ngaluhur, ngantos sami drajatipun kaliyan "gusti bandaranipun" (inggih punika tiyang jaler).

2520. Suprandéné para garwa wau boten wonten satunggal kémawon ingkang dipun pegat déning Kanjeng Nabi. Punika mratandhani manawi para garwa wau sami kasinungan sisifatan wau. Kanjeng Nabi kawenangaken megat garwanipun salah satunggal pundi ingkang boten dipun karsakaken, sarta minangka lintunipun Kanjeng Nabi kawenangaken mundhut garwa sanèsipun. Nanging rèhning para garwa sami boten wonten ingkang sumedya nilar panjenenganipun, sanajan ta kalangkung déning awrat

6 É, para kang padha angèstu! reksanen awakira sarta kulawarganira saka geni, kang urub-urubé manusa lan watu, (kang nunggu) ing kono para malaikat kang keras lan rosa, ora ambangkang ing Allah tumrap sabarang kang diparéntahaké marang dhèwèké sarta nindakaké sabarang kang didhawuhaké.

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ قُوٓا۟ أَنفُسَكُمْ وَأَهْلِيكُمْ نَارًا وَقُودُهَا ٱلنَّاسُ وَٱلْحِجَارَةُ عَلَيْهَا مَلَٰٓئِكَةٌ غِلَاظٌ شِدَادٌ لَّا يَعْصُونَ ٱللَّهَ مَآ أَمَرَهُمْ وَيَفْعَلُونَ مَا يُؤْمَرُونَ ٦

7 É, para kang padha kafir! ing dina iki kowé aja padha angudi mamrih pamuwung; kowé bakal padha dipituwasi mung apa kang wus padha kolakoni

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَا تَعْتَذِرُوا۟ ٱلْيَوْمَ ۖ إِنَّمَا تُجْزَوْنَ مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ٧

RUKU' 2

Kamajengan badhé kagayuh déning para mukmin

8. Para mukmin badhé dipun damel menang. 9. Kanjeng Nabi kedah nyarempeng sanget. 10-12. Sanépanipun para kafir sarta mukmin.

8 É, para kang padha angèstu! padha tobata maring Allah kalawan tobat kang tuhu-tuhu; ambokmanawa Pangéranira bakal ambirat alanira saka ing sira sarta anglebokaké sira ing patamanan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, ing dinané Allah ora bakal ngasoraké nabi sarta para kang padha angèstu kang anyartani dhèwèké; papadhangé bakal sumorot ing ngarepé lan ing tangan tengené, bakal padha munjuk: Pangéran kawula! mugi Tuwan *nyampurnakaken* papadhang kawula, saha aparing pangayoman[a] dhateng Kawula: saèstu, Tuwan punika dhateng samukawis kawasa.[2521]

Ar. *ngisoré*

Ar. *nyampurnakaken tumrap kawula*
a. 2194

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ تُوبُوٓا۟ إِلَى ٱللَّهِ تَوْبَةً نَّصُوحًا عَسَىٰ رَبُّكُمْ أَن يُكَفِّرَ عَنكُمْ سَيِّـَٔاتِكُمْ وَيُدْخِلَكُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ يَوْمَ لَا يُخْزِى ٱللَّهُ ٱلنَّبِىَّ وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مَعَهُۥ ۖ نُورُهُمْ يَسْعَىٰ بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَبِأَيْمَٰنِهِمْ يَقُولُونَ رَبَّنَآ أَتْمِمْ لَنَا نُورَنَا وَٱغْفِرْ لَنَآ ۖ إِنَّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ٨

sugengipun Kanjeng Nabi wonten ing dalem, mila Kanjeng Nabi inggih boten karsa megat para garwa wau. Mirsanana 2002.

2521. Punika anedahaken bilih miturut Quran Suci, suwarga punika boten namung panggènaning nampèni nugraha saha ngundhuh ganjaraning pandamel saé ingkang katindakaken manusa ing wekdal ingkang sampun-sampun kémawon, nanging ugi dados pancadan ingkang kanggé murwani kamajengan

Ar. *nyarem-penga*

9 O, nabi! *ngetoga kakuwatan* nandangi para kafir lan para lamis lan di keras marang dhèwèké, lan padunungané iku naraka; lan ala pangungsèn iku.[2522]

يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّبِيُّ جَٰهِدِ ٱلْكُفَّارَ وَٱلْمُنَٰفِقِينَ وَٱغْلُظْ عَلَيْهِمْ ۚ وَمَأْوَىٰهُمْ جَهَنَّمُ ۖ وَبِئْسَ ٱلْمَصِيرُ ۝٩

Ar. *kawula*

Ar. *saka-roné*

Ar. *dhèwèké sakaroné*

10 Allah adamel gagambaran tumrap para wong kafir garwané Nuh lan garwané Luth; sakaroné wewengkon kawula-Ningsun *wong loro* kang padha becik-becik, ananging sakaroné padha cidra *marang kang mengku*; mulané *iki* ora bisa migunani sathithik-thithika marang sakaroné tumrap (panulaking siksaning) Allah, sarta dipangandikani: sira sakaroné padha mlebua ing geni karo para kang padha mlebu iki.[2523]

ضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلًا لِّلَّذِينَ كَفَرُوا۟ ٱمْرَأَتَ نُوحٍ وَٱمْرَأَتَ لُوطٍ ۖ كَانَتَا تَحْتَ عَبْدَيْنِ مِنْ عِبَادِنَا صَٰلِحَيْنِ فَخَانَتَاهُمَا فَلَمْ يُغْنِيَا عَنْهُمَا مِنَ ٱللَّهِ شَيْـًٔا وَقِيلَ ٱدْخُلَا ٱلنَّارَ مَعَ ٱلدَّٰخِلِينَ ۝١٠

---

ruhani ingkang tanpa wonten kèndel-kèndelipun. Panyuwun kasampurnakaken papadhangipun, punika menggah ing sajatos-jatosipun pépénginan ingkang boten wonten kèndel-kèndelipun dhateng kasampurnan. Lah punika anedahaken bilih kamajengan ruhani punika wonten ing gesang wau boten badhé wonten pantogipun. Samangsa tiyang punika sampun saged anggayuh satunggaling tataran kaluhuran, tumrap piyambakipun lajeng katingal anggènipun kirang sampurna, manawi dipun tandhing kaliyan tataraning kamajengan candhakipun ingkang badhé dipun gayuh. Makaten salajengipun Quran Suci mulangaken, bilih tumuwuhing kasantikanipun manusa ingkang kalampahan wonten ing gesang sapunika punika, nanging ingkang atanpa wates, punika boten teka tinamtu mawi wonten pungkasanipun, nanging menggah ing sajatos-jatosipun punika malah pancadan ingkang wiwitan, ingkang ngener dhateng laladan ingkang langkung wiyar angaluk-aluk tangèh yèn sageda kininten-kinten, ingkang mesthi badhé dipun langkungi. Laladan wau badhé kawiwitan bénjing ing sasampunipun pejah, inggih punika samangsa jiwa punika sampun uwal saking pambalengguning sengkeranipun ingkang asli saking lebu, ingkang salajengipun ngrasuk badan sanès, ingkang laras kaliyan pandamelipun ingkang sampun katindakaken nalika wonten ing ngalam donya. Inggih awit saking punika, mila tiyang ingkang nalikanipun wonten ing gesang sapunika punika manggung ambèbècèr wekdalipun kalayan atanpa tonja, punika mesthi badhé dipun tamani usada rumiyin kanggé maluyakaken bektanipun sasakit ruhani, ingkang angsalipun saking pandamelipun piyambak punika; sarta ingkang makaten punika manut angger-angger ingkang sampun boten kénging dipun sulayani malih, inggih punika: saben tiyang mesthi ngraosaken wohing sabarang ingkang sampun katindakaken. Manawi dayaning wisa ingkang ngrisakaken kawontenanipun punika sampun sinapu tapis, sarta manawi piyambakipun sampun pantes miwiti lampah tumuju dhateng ener ingkang agung wau, lah piyambakipun lajeng sampun boten dumunung wonten ing naraka malih. Lah inggih punika sababipun déné miturut Quran Suci, boten wonten tiyang satunggal kémawon ingkang badhé tinundhung kawedalaken saking suwarga, kosokwangsulipun (kados déné ingkang kasebutaken kalayan terang wonten ing hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci), sadaya tiyang badhé kawedalaken saking naraka ing sasampunipun sawatawis wekdal dudunung wonten ing ngriku. Awit naraka makaten namung kanggé ngresiki manusa saking rereged ingkang ngalang-alangi ing kamajenganipun ruhani, milanipun samangsa sedya punika sampun kaleksanan, kabetahan dhateng wontenipun naraka punika lajeng sampun boten wonten malih.

2522. Tembung kriya ingkang kula jarwani *ngetoga kukuwatan* punika tembung *jâhid*. Inggih tembung punika ingkang lajeng karimbag dados *jihâd* punika. Suraosing dhawuh ing ngriki, nedahaken

2523. *Mirsanana kaca candhakipun.*

11 Lan Allah adamel gagambaran tumrap para kang padha angèstu bojoning Fir'aun, nalika munjuk: Pangéran kawula! mugi Tuwan angyasakaken kawula griya ing ngarsa Tuwan ing salebeting patamanan, saha mugi Tuwan milujengaken kawula saking Fir'aun tuwin pandamelipun, punapa déné mugi Tuwan milujengaken kawula saking titiyang ingkang sami nganiaya:[2524]

وَضَرَبَ اللَّهُ مَثَلًا لِّلَّذِينَ آمَنُوا امْرَأَتَ
فِرْعَوْنَ إِذْ قَالَتْ رَبِّ ابْنِ لِي عِندَكَ
بَيْتًا فِي الْجَنَّةِ وَنَجِّنِي مِن فِرْعَوْنَ
وَعَمَلِهِ وَنَجِّنِي مِنَ الْقَوْمِ الظَّالِمِينَ ﴿١١﴾

12 Sarta Maryam anak wadoné
a. 410, 412 Imran,[a] kang anjaga kasuciané;
mulané Ingsun aniyup dhèwèké
Ut. *wisik* b. 565 kalawan *ruh*-Ingsun[b] sarta dhèwèké ambeneraké marang sabdaning Pangérané lan Kitab-kitabé tuwin dhèwèké dadi golongané wong padha mituhu.[2525]

وَمَرْيَمَ ابْنَتَ عِمْرَانَ الَّتِي أَحْصَنَتْ
فَرْجَهَا فَنَفَخْنَا فِيهِ مِن رُّوحِنَا
وَصَدَّقَتْ بِكَلِمَاتِ رَبِّهَا وَكُتُبِهِ
وَكَانَتْ مِنَ الْقَانِتِينَ ﴿١٢﴾

---

bilih ingkang dipun karsakaken ing tembung *ngetoga kukuwatan* punika boten kok perang, jalaran nyatanipun tiyang munafék boten naté dipun perangi. Malah titiyang munafék wau kapara dipun rengkuh kadi déné titiyang Muslimin, kalayan mengku sedya murih gampiling tumindak. Milanipun, samangsa Kanjeng Nabi kadhawuhan *jihâd* lumawan para kafir lan para *munafék*, punika lajeng terang manawi *jihâd* punika boten ngemungaken sarana perang kémawon.

2523. Punika gambaripun para pandhèrèking nabi, ingkang nulayani piwulanging gurunipun. Mesthi kémawon nabinipun wau boten saged milujengaken piyambakipun.

2524. Punika gambaripun tiyang saé ingkang dèrèng uwal saking pambalengguning dosa. Ing ngriki raja Fir'aun kadamel gagambaranipun dosa. Nanging margi para titiyang saé wau kalangkung déning sanget kepénginipun saged uwal saking dosa, milanipun para titiyang wau lajeng sarosa sami nyarempeng supados saged mardikakaken awakipun saking sawarnining blenggu.

2525. Gagambaranipun titiyang tulus ingkang kagelaraken wonten ing sanépa punika, anggambaraken paringipun Pangéran ilham utawi wahyu dhateng para tiyang sampurna. Dhawuh ingkang mungel "Ingsun tiyup *dhèwèké* kalawan ruh-Ingsun," punika pantes dipun wigatosaken. Tembung *dhèwèké*, inggih punika *hi* ing tembung *fîhi* ing basa Arab, punika nedahaken tiyang jaler (*mudhakkar*), dados terang manawi boten wangsul dhateng Siti Maryjam. Dados awit saking punika, téori Nasrani ingkang mamrih badhé namtokaken pamanggih mirid saking dhawuh punika, bilih ruhipun Pangéran pranyata katiyupaken dhateng Siti Maryam, punika boten saged mantuk. Wondéné *dlamir dhèwèké* wau, déning para mufassirin kasuraos wangsul dhateng Kanjeng Nabi 'Isa (Rz). Dados suraosipun: Siti Maryam nglahiraken putra, ingkang tampi wahyuning Pangéran. Nanging *dlamir dhèwèké* wau ugi saged wangsul dhateng tiyang angestu, ingkang wonten ing ngriki Siti Maryam kawarna dados contonipun. Déné ingkang kasedya ing dhawuh ingkang mungel makaten punika, wigatos dhawuh anggatosaken bilih ingkang dipun karsakaken ing ngriki punika sanès aniyupaken ruh, nanging maringaken wahyu dhateng tiyang angestu.

اٰيَاتُهَا ٣٠ (٦٧) سُوْرَةُ الْمُلْكِ مَكِّيَّةٌ رُكُوْعَاتُهَا ٢

SURAT 67

AL-MULK

(*Karaton*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 30 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Karatoning Allah.
Ruku' 2. Siksanipun para kafir.

Katerangan gerban

Wiwit surat punika dumugi telas-telasaning Quran wonten sekawandasa wolu surat malih, sadaya punika kadhawuhaken wonten ing Makkah (Makkiyah), kajawi surat ingkang kaping 10, ingkang kagolong ing jaman Madinah, sanajan ta surat wau anggènipun katurunaken ugi wonten ing Makkah, inggih punika nalika Kanjeng Nabi pinuju wonten ing Makkah ing kalanipun tindak ngibadah haji ingkang pungkasan. Surat-surat wau sadaya isi piweca bab kaluhuran ingkang badhé dipun gayuh déning Islam tuwin bab cabaripun para mengsah-mengsahipun Islam, wonten ingkang mawi tetembungan ingkang cetha pratéla, wonten ingkang mawi tetembungan ngibarat. Nadyan ingkang kathah surat-surat wau kagolong wahyu ingkang katampi déning Kanjeng Nabi nalika jaman wiwitan piyambak, piweca-piweca ingkang kasebut wonten ing ngriku punika asring sanget magepokan kaliyan Islam ing tembé wingkingipun ingkang taksih nyamut-nyamut kelampahanipun, sarta mesthi kémawon boten kawatesan namung sumiyaripun Islam ing tanah Arab kémawon, lan boten kawatesan namung ing nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi thok. Bab prakawis kawontenanipun piyambak-piyambak satunggal-tunggaling surat wau, badhé kapratélakaken wonten ing katrangan ingkang mangka purwakaning saben surat kados adat saben; nanging katerangan ingkang kasebut ing nginggil wau cekap kanggé anerangaken bab kawontenanipun ingkang umum surat-surat wau lan kanggé nerangaken sasambetanipun satunggal kaliyan satunggalipun.

Déné namanipun surat punika, punika pipiridan saking pratélan ingkang kasebut ing ayat ingkang wiwitan piyambak, inggih punika: *karaton* punika wonten ing astanipun Allah; wosipun, ambuktèkaken bilih karaton ingkang miturut basanipun piweca kasebut *karatoning Allah*, punika ing samangké sampun wiwit dipun jumenengaken wonten ing bumi. Lajenging pangandika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng sampurnaning tumindakipun angger-anggering Pangéran wonten ing alam wadhag, sarta saking ngriku angsal pupuntoning panglimbang-limbang, bilih awon punika mesthi atemahan awon, saé ngedalaken woh saé. Ruku' ingkang kaping kalih mangandikakaken siksa ingkang calon badhé andhawahi para kafir margi anggènipun boten purun atur panuwun dhateng Pangéran; déné boten atur panuwun dhateng Pangéran wonten ing ngriki, punika anggènipun para kafir wau boten purun sami migunakaken indriya paparinging Allah ingkang kanggé ambédakaken antawisipun yakti lan panggorohan, lan ingkang milujengaken piyambakipun saking barang ingkang sakinten badhé mahanani karisakan.

———————

RUKU' 1

Karatoning Allah

1-2. Karaton sarta pejah gesang punika kagunganipun Allah. 3-5. Kasawijèning warninipun angger-anggeripuin Allah.6-8. Wawales saé lan awon.

JUZ XXIX

Kalawan asmaning Allah Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Mahabarkah Panjenengané, kang karaton iku ana ing asta-Né, sarta Panjenengané iku marang samubarang kawasa,[2526]

تَبٰرَكَ الَّذِيْ بِيَدِهِ الْمُلْكُ ۡ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرُ ۙ ①

2 Kang anitahaké pati lan urip, supaya Panjenengané anyoba ing sira – sapa sing luwih becik lakuné, lan Panjenengané iku Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Aparamarta,[2527]

الَّذِيْ خَلَقَ الْمَوْتَ وَالْحَيٰوةَ لِيَبْلُوَكُمْ اَيُّكُمْ اَحْسَنُ عَمَلًا ؕ وَهُوَ الْعَزِيْزُ الْغَفُوْرُ ۙ ②

2526. Surat-surat Makkiyah ingkang celak-celak, punika ingkang kathah-kathah kénging karacak mesthi kagolong wahyu ingkang tumurun dhateng Kanjeng Nabi Suci ing nalika jaman wiwitan. Surat-surat wau asring mangandikakaken kalayan sabda pangandika ingkang cumeplos ing bab kaagunganipun Gusti Allah. Pratélan ing ngriki ingkang mangandikaken bilih karaton punika kagunganipun Allah tuwin bilih Panjenenganipun punika nguwaosi ing samubarang, punika kados déné pratélan ingkang ngemu piweca badhé jumenengipun karatoning Islam, ingkang menggah ing sajatos-jatosipun punika karatonipun Allah. Kula aturi nyundhukaken dhawuh punika kaliyan pangandikanipun Kanjeng Nabi 'Isa ingkang mungel makaten: "karatoning Allah bakal pinundhut saka ing kowé, banjur kaparingaké marang sawijining bangsa kang angetokaké wohé" (Mat. 21:43).

2527. Angger-angger "gesang lan pejah' utawi "tumuwuh lan risak," punika tumindak wonten ing sagung dumadi. Nanging tumrap manusa, tumindakipun angger-angger wau wonten maksudipun ingkang mligi, jalaran pejah punika boten dados wekasaning gesangipun manusa, wangsul menggah ing sajatos-jatosipun pejah punika dados pancadan ingkang wiwitan kanggé murwani gesang énggal tumrap kamajenganing ruhani. Dados gesang ing ngalam donya, punika tumrap manusa dados panggemblèngan, inggih punika dados sarana kanggé ambabar sifat-sifatipun ingkang sumingid, kanggé anindakaken kasaénan. Nanging tumrap manusa, gesang lan pejah wau wonten maksudipun sanès ingkang langkung lebet, inggih punika gesang lan pejahipun umat utawi bangsa, sarta inggih gesang lan pejahipun umat punika, ingkang asring kapangandikakaken déning Quran Suci. Umat-umat ingkang tumindak awon kasirnakaken, umat sanès kajumenengaken minangka gegentosipun, supados sami nindakaken kasaénan. Umat wau saged gesang namung ing sadangunipun piyambakipun langkung kathah anggènipun adamel kasaénan dhateng manusa katimbang lan anggènipun adamel pituna; milanipun samangsa piyambakipun wiwit manggung gesang suka pari suka, gesang tungkul ing kamuktèn, saha ketungkul nindakaken awon, boten kénging boten mesthi badhé nemahi karisakan. Ungeling dhawuh punika kula aturi nocogaken kaliyan dhawuh ing 7: 129, ingkang tumuju dhateng titiyang Yahudi, ingkang mungel makaten "Manawa-manawa Pangéranira karsa anyirnakaké mungsuhira sarta amisuda sira dadi pamaréntah ing bumi, tumuli Panjenengané bakal amirsani kapriyé panggawénira." Lan kula aturi nocogaken kaliyan dhawuh ing 10: 14, ingkang tumuju dhateng titiyang

Ut. *sungsun-sungsun*

3 Kang anitahaké langit pitu *padha*;[2528] sira ora andeleng ana gègèsèhané ing sajroning titahé Ingkang-Mahamurah; lah delengen manèh apa sira bisa weruh ana bléroné?[2529]

الَّذِىْ خَلَقَ سَبْعَ سَمٰوٰتٍ طِبَاقًا ۗ مَا تَرٰى فِىْ خَلْقِ الرَّحْمٰنِ مِنْ تَفٰوُتٍ ۗ فَارْجِعِ الْبَصَرَ ۙ هَلْ تَرٰى مِنْ فُطُوْرٍ ③

4 Banjur andelenga manèh bola-bali; pandelengira bakal kuwur bali marang awakira sarta kesel.

ثُمَّ ارْجِعِ الْبَصَرَ كَرَّتَيْنِ يَنْقَلِبْ اِلَيْكَ الْبَصَرُ خَاسِئًا وَّهُوَ حَسِيْرٌ ④

Ar. *diyan-diyan*

5 Lan sayekti temen Ingsun angrerengga langit donya kalawan *papadhang-papadhang* sarta iki Ingsun gawé dadi sarana pangira-ira tumrap para sétan,[2530] lan Ingsun anyepakaké tumrap marang dhèwèké siksa geni murub.

وَلَقَدْ زَيَّنَّا السَّمَآءَ الدُّنْيَا بِمَصَابِيْحَ وَجَعَلْنٰهَا رُجُوْمًا لِّلشَّيٰطِيْنِ وَاَعْتَدْنَا لَهُمْ عَذَابَ السَّعِيْرِ ⑤

Muslimin, ingkang mungel makaten: "tumuli Ingsun andadèkaké sira dadi para pamarentah ing bumi ing sapungkuré dhèwèké, amurih Ingsun amirsanana, kapriyé tindakira."

2528. Anggèn kula anjarwani tembung *thibâqâ* béda kaliyan jarwan ingkang sampun kaprah. Déné jarwan kula punika, awawaton ungel-ungelan ingkang kasebutaken déning LL wonten ing bab tembung *thabq*, ingkang awawaton IA'r tuwin ngulami sanès, makaten هذا الشئ طبق هذا او طباقه Jawinipun: *barang iki jodhoné iki*, utawi *cundhuk* utawi *cocog karo iki*, utawi *padhané iki*. Langkung-langkung malih teges punika nocogi kaliyan suraosing dhawuh, jalaran ayat punika ing salajengipun nerangaken kawontenanipun sagung dumadi ingkang nunggil cakrikipun.

2529. Dhawuh punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng angger-angger ingkang tumindak anyrambahi ing sagung dumadi, ingkang sifatipun sarwa laras saha runtut. Sagung dumadi boten wonten galap gangsulipun, liripun boten kelampahan wonten barang-barang ingkang nunggil golongan kerèh ing angger-angger ingkang béda-béda; makaten ugi inggih boten wonten bléronipun (*futhur*, ingkang déning Rgh dipun jarwani *ikhtilâl*, *bosah-basih lan tanpa tatanan*), liripun, boten kelampahan wonten angger-angger ingkang tumindakipun boten sarwa laras. Nadyan sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih ayat punika mengku karsa dhawuh anggatosaken ing wontenipun Pangéran Ingkang-Mahaluhur, ingkang kaseksèn ing angger-angger ingkang sarwa laras saha sarwa runtut, ingkang tumindak anyrambahi ing sagung dumadi punika, éwadéné taksih wonten malih maksudipun ingkang mligi, inggih punika dhawuh migatosaken dhateng angger-angger ruhani, ingkang tumindakipun inggih sarwa runtut, kadosta awon lan saé mesthi nguwuhaken wawales piyambak-piyambak.

2530. Papadhang ingkang dipun anggé madhangi langit ing donya inggih punika lintang-lintang, punika sami dipun anggé sarana nginten-inten lalampahan ingkang badhé dhateng déning para tukang pethèk. Makaten punika suraosipun ingkang cetha dhawuh punika. Tembung *rujum* punika *jama'*-ipun tembung *rajam*. Nalika nerangaken tegesipun tembung wau, I'As mawi nerangaken makaten "*Rajm* tegesipun *nginten-inten prakawis ingkang boten kasebutaken déning Gusti Allah*." Salajengipun panjenenganipun mastani, para *munajjîm* (para tukang pethèk mirid lampahing lintang-lintang), para *kâhin* (para tukang jangka) tuwin para *sâhir* (para juru-kemayan), punika sagolongan pangandikanipun: "milanipun panjenenganipun (inggih punika Kanjeng Nabi, ingkang hadits pangandikanipun katerangaken wonten ing ngriku) nganggep para tukang pethèk palintangan, inggih punika para ingkang sami nyinau bab lintang-lintang kanggé andhawahaken pancasan, saha ingkang mastani bilih lintang-iintang andayani awon utawi saé, punika sami tiyang kafir." Rgh nalika nerangaken tembung-

وَلِلَّذِينَ كَفَرُوا بِرَبِّهِمْ عَذَابُ جَهَنَّمَ ۖ وَبِئْسَ الْمَصِيرُ ﴿٦﴾

6 Lan tumrap para kang padha kafir marang Pangérané, siksa naraka, lan ala pangungsèn iku.

إِذَا أُلْقُوا فِيهَا سَمِعُوا لَهَا شَهِيقًا وَهِيَ تَفُورُ ﴿٧﴾

7 Samangsané dhèwèké dicemplungaké ing kono, bakal padha ngrungu pangadhuhé kang seru, kang sartané umob.

تَكَادُ تَمَيَّزُ مِنَ الْغَيْظِ ۖ كُلَّمَا أُلْقِيَ فِيهَا فَوْجٌ سَأَلَهُمْ خَزَنَتُهَا أَلَمْ يَأْتِكُمْ نَذِيرٌ ﴿٨﴾

8 Kaya anjeblos-jeblosa saking muring. Saben ana grombolan dicemplungaké ing kono, sing njaga takon marang dhèwèké: apa ora ana juru-pépéling sing nekani kowé?

قَالُوا بَلَىٰ قَدْ جَاءَنَا نَذِيرٌ فَكَذَّبْنَا وَقُلْنَا مَا نَزَّلَ اللَّهُ مِنْ شَيْءٍ إِنْ أَنْتُمْ إِلَّا فِي ضَلَالٍ كَبِيرٍ ﴿٩﴾

9 Bakal padha mangsuli: Inggih saèstu sampun wonten juru-pèpènget andhatengi kawula, ananging kula sami anggorohaken sarwi wicanten: Allah boten nurunaken punapa-punapa: malah sampéyan punika dumunung ing sasar ingkang *sanget.*

Ar. *ageng*

وَقَالُوا لَوْ كُنَّا نَسْمَعُ أَوْ نَعْقِلُ مَا كُنَّا فِي أَصْحَابِ السَّعِيرِ ﴿١٠﴾

10 Lan bakal padha calathu: Mungguh aku biyèn angrungokna utawa amikir-mikira ora bakal aku dadi èwoné wong kang padha manggon ing geni kang murub.

فَاعْتَرَفُوا بِذَنْبِهِمْ فَسُحْقًا لِأَصْحَابِ السَّعِيرِ ﴿١١﴾

11 Banjur dhèwèké padha ngrumangsani marang kaluputané; mulané, adoh tumrap para kang manggon ing geni murub iku (saka ing kabecikan).

-tembung wau mawi nerangaken makaten: "lan tembung *rajm* punika sacara éntar dipun anggé kalayan mengku teges panginten-inten tuwin pangothak-athik." LL ugi negesi makaten wau tumrap ing ayat punika, kalayan awawaton Bd tuwin TA makaten: "Ingsun wis andadèkaké iku dadi sarananing ngira-ira tumrap para sétaning manusa inggih punika para tukang pethèk palintangan." Dados ingkang dipun karsakaken wonten ing ngriki punika para tukang pethèk palintangan, ingkang sami ngapusi tiyang kathah sarana nyariyosi prakawis warni-warni, ingkang manut pangakenipun saged kasumerepan saking lintang-lintang. Para titiyang wau sami kaparingan dhawuh, bilih sami badhé angsal siksa urub margi anggènipun ulah panggorohan nginten-inten wau.

12 Wondéné para kang padha wedi ing Pangérané ing dalem pasepèn, bakal padha pinaringan pangapura sarta ganjaran gedhé.

إِنَّ الَّذِيْنَ يَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ بِالْغَيْبِ لَهُمْ مَّغْفِرَةٌ وَّ اَجْرٌ كَبِيْرٌ ﴿١٢﴾

13 Lan sira singidna calathunira utawa sira wedhara, sayekti Panjenengané iku Angudanèni apa kang ana sajroning *ati.*

Ar. *dhadha*

وَاَسِرُّوْا قَوْلَكُمْ اَوِ اجْهَرُوْا بِهٖ ۗ اِنَّهٗ عَلِيْمٌۢ بِذَاتِ الصُّدُوْرِ ﴿١٣﴾

14 Apa Panjenengané, Kanganitahaké, iku ora uninga? Lan Panjenengané iku Ingkang-Anguningani sabarang kang lembut-lembut, Ingkang-Waspada.

اَلَا يَعْلَمُ مَنْ خَلَقَ ۗ وَهُوَ اللَّطِيْفُ الْخَبِيْرُ ﴿١٤﴾

RUKU' 2

Siksanipun para kafir

15-19. Pidana punika sampun tamtu ananging Allah Ingkang-Mahawelas anyandhèkaken. 20-22. Anggènipun tanpa daya. 23-24. Kamurahanipun Pangéran. 23-30. Siksa punika sampun tamtu.

15 Panjenengan iku kang wus andadèkaké bumi lètèr tumrap marang sira, mulané padha anjajaha ing lumahé kang jembar sarta padha mangana rijekiné, tuwin marang Panjenengané *bali* sawisé mati iku.

Ar. *tangi*

هُوَ الَّذِيْ جَعَلَ لَكُمُ الْاَرْضَ ذَلُوْلًا فَامْشُوْا فِيْ مَنَاكِبِهَا وَكُلُوْا مِنْ رِّزْقِهٖ ۗ وَاِلَيْهِ النُّشُوْرُ ﴿١٥﴾

16 Apa sira wis rumasa aman saka kang ana ing langit yèn Panjenengané angarsakaké bumi anguntal ing sira? Elo! coba delengen, *buminé* arep oreg.[2531]

Ar. *dhèwèké*

ءَاَمِنْتُمْ مَّنْ فِي السَّمَآءِ اَنْ يَّخْسِفَ بِكُمُ الْاَرْضَ فَاِذَا هِيَ تَمُوْرُ ﴿١٦﴾

17 Utawa apa sira wis rumasa aman saka kang ana ing langit, yèn Panjenengané anurunaké siksa marang sira? Lah sira bakal weruh, kaya apa pépéling-Ingsun.

اَمْ اَمِنْتُمْ مَّنْ فِي السَّمَآءِ اَنْ يُّرْسِلَ عَلَيْكُمْ حَاصِبًا ۗ فَسَتَعْلَمُوْنَ كَيْفَ نَذِيْرِ ﴿١٧﴾

2531. *Kang ana ing langit*, punika tegesipun para malaikat ingkang sami tinanggenah andhawahaken siksa dhateng para mengsahipun yakti (Bd). Utawi ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika *Panjenengané kang ana ing langit*, liripun *Panjenengané kang dhawuhé kinawasa ana*

18 Lan temen, para (wong) ing sadurung dhèwèké padha anggorohaké (kasunyatan), banjur kaya apa *ora-sarju-Ningsun.*

Ar. *anggon-Ingsun angowahi kahanané*

وَلَقَدْ كَذَّبَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ فَكَيْفَ كَانَ نَكِيْرِ ﴿١٨﴾

19 Apa dhèwèké padha ora anyawang marang manuk-manuk kang ana ing dhuwuré angegarakè (suwiwiné) sarta angingkupaké? Apa sing nahan awaké kajaba Ingkang-Mahamurah? Sayekti Panjenenganè amriksani samubarang.[2532]

أَوَلَمْ يَرَوْا إِلَى الطَّيْرِ فَوْقَهُمْ صٰٓفّٰتٍ وَّيَقْبِضْنَ ۘ مَا يُمْسِكُهُنَّ إِلَّا الرَّحْمٰنُ ۗ إِنَّهٗ بِكُلِّ شَيْءٍۢ بَصِيْرٌ ﴿١٩﴾

20 Utawa sapa ta sing bakal dadi wadyabala tumrap marang sira, (sing) bakal mitulungi sira, saliyané Ingkang-Mahamurah? Ora liya para kafir iku kajaba dumunung ing panasaran.

أَمَّنْ هٰذَا الَّذِيْ هُوَ جُنْدٌ لَّكُمْ يَنْصُرُكُمْ مِّنْ دُوْنِ الرَّحْمٰنِ ۗ إِنِ الْكٰفِرُوْنَ إِلَّا فِيْ غُرُوْرٍ ﴿٢٠﴾

21 Utawa, sapa ta bakal awèh rijeki marang sira, manawa Panjenenganè anahan rijeki-Né? O, dhèwèké malah andarung anggoné anginakaké lan angedohi.[2533]

أَمَّنْ هٰذَا الَّذِيْ يَرْزُقُكُمْ إِنْ أَمْسَكَ رِزْقَهٗ ۚ بَلْ لَّجُّوْا فِيْ عُتُوٍّ وَّنُفُوْرٍ ﴿٢١﴾

22 Lah apa wong sing lumaku andhungkluk, rainé tumungkul, luwih *weruh dalan tinimbang* wong sing lumaku jejeg ngambah dalan bener.[2534]

Ar. *apa pituduh*
Ar. *olèh*

أَفَمَنْ يَّمْشِيْ مُكِبًّا عَلٰى وَجْهِهٖٓ أَهْدٰٓى أَمَّنْ يَّمْشِيْ سَوِيًّا عَلٰى صِرَاطٍ مُّسْتَقِيْمٍ ﴿٢٢﴾

ing langit wondéné "dhawuh ingkang wonten ing langit" kasebutaken, punika kanggé anélakaken bilih Panjenenganipun kawasa andhawahaken siksa, ingkang boten saged dipun singkiri déning sintena kémawon.

2532. Peksi-peksi katahan, punika mengku teges kamenanganipun Islam kasumenèkaken. Mila mengku teges makaten, awit peksi punika katembungaken tut wingking wadyabala ingkang menang (mirsanana 1387). Pandangon ing ayat candhakipun, sinten ingkang badhé mitulungi piyambakipun, punika angiyataken teges makaten wau.

2533. Punika ugi piweca rejekinipun nyata katahan nalika ing nagari Makkah wonten paceklik ageng. Piweca-piweca bab prakawis punika kathah sanget wonten ing Quran Suci, sami ugi kasebut wonten ing wahyu ingkang tumurun kantun. Mirsanana 2269.

2534. Tiyang ingkang lumampah "andhungkluk rainé tumungkul" punika tiyang ingkang sempoyongan lampahipun sarta kejungkel-jungkel saben anjangkah, margi saking boten katuntun ing yakti.

23 Calathua: Panjenengané iku kang anuwuhaké sira sarta andamelaké sira pangrungu lan pandeleng sarta ati: sathithik anggonira padha atur panuwun.

قُلْ هُوَ الَّذِيْٓ اَنْشَاَكُمْ وَجَعَلَ لَكُمُ السَّمْعَ وَالْاَبْصَارَ وَالْاَفْـِٕدَةَ ۗ قَلِيْلًا مَّا تَشْكُرُوْنَ ﴿٢٣﴾

24 Calathua: Panjenengané kang andadèkaké sira babranahan ing bumi lan marang Panjenengané anggoné sira bakal diimpun.

قُلْ هُوَ الَّذِيْ ذَرَاَكُمْ فِى الْاَرْضِ وَاِلَيْهِ تُحْشَرُوْنَ ﴿٢٤﴾

25 Dhèwèké bakal padha calathu: Kapan bakal kalakoné ancaman iki, manawa kowé iku wong temen.

وَيَقُوْلُوْنَ مَتٰى هٰذَا الْوَعْدُ اِنْ كُنْتُمْ صٰدِقِيْنَ ﴿٢٥﴾

26 Calathua: kawruh (prakara iku) mung ana ing ngarsaning Allah, sarta aku iki mung jurupépéling kang terang.

قُلْ اِنَّمَا الْعِلْمُ عِنْدَ اللّٰهِ ۖ وَاِنَّمَآ اَنَا۠ نَذِيْرٌ مُّبِيْنٌ ﴿٢٦﴾

27 Ananging bareng dhèwèké weruh (siksa) iku wis cepak, wong kang padha kafir padha (katon) *susah* rainé, sarta bakal padha dicalathoni: yaiki sing koajab adaté kaé.

Ut. *ala*

فَلَمَّا رَاَوْهُ زُلْفَةً سِيْۤـَٔتْ وُجُوْهُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا وَقِيْلَ هٰذَا الَّذِيْ كُنْتُمْ بِهٖ تَدَّعُوْنَ ﴿٢٧﴾

28 Calathua: apa sira padha mawas manawa Allah bakal anglebur aku sarta sapa-sapa kang nyartani aku – malah Panjenengané bakal kagungan welas marang aku; banjur sapa sing bakal ngayomi para kafir saka siksa kang nglarani?[2535]

قُلْ اَرَءَيْتُمْ اِنْ اَهْلَكَنِيَ اللّٰهُ وَمَنْ مَّعِيَ اَوْ رَحِمَنَا ۙ فَمَنْ يُّجِيْرُ الْكٰفِرِيْنَ مِنْ عَذَابٍ اَلِيْمٍ ﴿٢٨﴾

29 Calathua: Panjenengané iku Ingkang-Mahamurah, aku padha angèstu ing Panjenengané sarta marang Panjenengané kumandelku; tumuli sira bakal padha weruh sapa sing dumunung ing sasar kang terang.

قُلْ هُوَ الرَّحْمٰنُ اٰمَنَّا بِهٖ وَعَلَيْهِ تَوَكَّلْنَا ۚ فَسَتَعْلَمُوْنَ مَنْ هُوَ فِيْ ضَلٰلٍ مُّبِيْنٍ ﴿٢٩﴾

2535. Suraosipun, kalayan sawarnining sarana tiyang duraka badhé kapurih tanggel saha nandhang wohipun ingkang awon sabarang ingkang sampun katindakaken, sami ugi punapa nalika Kanjeng Nabi

30 Calathua: Apa wawasanira, manawa banyunira ambles mangisor, lah sapa sing anekakaké banyu ilèn marang sira?	قُلْ اَرَءَيْتُمْ اِنْ اَصْبَحَ مَآؤُكُمْ غَوْرًا فَمَنْ يَّأْتِيْكُمْ بِمَآءٍ مَّعِيْنٍ ۝٣٠

dalah para sahabatipun taksih sugeng punapa sampun séda. Semang-semang dhateng ganjaranipun tiyang tulus kasirnakaken sami sanalika déning dhawuh ingkang mungel *malah Panjenengané bakal kagungan welas marang aku*. Jalaran, *au* punika tegesipun *malah*; mirsanana LL ingkang nyebutaken Mgh.

سُوْرَةُ الْقَلَمِ مَكِّيَّةٌ (٦٨)

SURAT 68

AL-QALAM

(*Kalam = Pèn*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 52 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Sanès ayahanipun tiyang éwah.
Ruku' 2. Pèpènget tumrap sadaya bangsa.

Katerangan gerban

Nalika Kanjeng Nabi andhatengakken ayahan ingkang kaampil, ing sakawit para titiyang kafir sami mastani panjenenganipun punika tiyang éwah; lah surat punika gagandhèngan kaliyan pandakwa makaten wau. Pamangsèn lan kalam lan barang ingkang kaserat dipun anggé pasaksi, bilih sadaya ingkang kadhawuhaken déning Kanjeng Nabi punika sanès ungelipun tiyang éwah; lah inggih awit saking kawontenan punika déné surat punika kanamakakaken makaten wau. Kados pundi anggènipun barang-barang wau sadaya suka pasaksi dhateng kayektènipun Kanjeng Nabi, katerangaken wonten ing 2536. Ruku' ingkang sapisan dipun wekasi kalayan sanépa, ingkang kalayan cetha mecakakaken bilih sadaya panglawanipun para titiyang Makkah dhateng Kanjeng Nabi punika mesthi badhé boten angsal damel babar pisan, sarta temahanipun para titiyang wau mesthi badhé keduwung déning sabarang ingkang sampun katindakaken. Ruku' ingkang kaping kalih migatosaken seserepan bab prakawis ingkang badhé kelampahan ing wekdal ingkang badhé dhateng, ingkang kawedharaken lantaran Quran Suci; Kanjeng Nabi dipun dhawuhi supados panjenenganipun angentosi kémawon kalayan sabar kasil angsal-angsalaning pakaryanipun; Kanjeng Nabi Yunus kasebutaken kanggé conto, ingkang wigatos anerangaken bilih cobi lan panandhang, punika tarkadhang sok damel semang-semang dhateng bab angsal-angsalaning damel wau, sanajan ta sampun genah mesthi badhé kelampahan saèstu; surat punika pinungkasan kalayan pratélan ingkang nerangaken bilih Kanjeng Nabi punika boten namung sanès tiyang éwah kémawon, nanging dalasan ayahan ingkang dipun ampil, punika rèhning pèpènget tumrap sadaya umat, ing wasananipun mesthi badhé ngangkat ing ngaluhur sagung para manusa sadaya. Kedah dipun pèngeti bilih wonten ing surat punika, ingkang ingakenan salah satunggaling dhawuh ingkang tumurun nalika jaman wiwitan, ayahanipun Quran Suci punika kadhawuhaken manawi tumrap sadaya umat.

Titimangsaning tumurunipun

Bab prakawis titimangsaning tumurunipun, pamanggihipun para saged mastani ing wekdal ingkang wiwitan sanget, ngantos surat punika limrahipun kaanggep surat ingkang kaping kalih menggah ing urut-urutaning tumurunipun. Nanging rèhning hadits-hadits ingkang kénging pinitados nerangaken bilih surat ingkang kaping 7 ingkang tumurun angka kalih, mila saged-sagedipun surat punika kapapanaken ing sasampunipun surat ingkang kaping 7 wau. Tuwan Muir lan para titiyang ingkang ngrujuki pamanggihipun, anggadhahi pamanggih bilih surat punika tumurunipun nalika ngajengaken pungkasan-ipun jaman Makkah wiwitan, nanging punika genah klèntu. Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih pandakwanipun para kafir ingkang wiwitan dhateng Kanjeng Nabi, punika andakwa bilih panjenenganipun punika tiyang éwah; inggih pandakwa punika, ingkang kapangandikakaken déning surat punika; bab prakawis punika sampun genah tur mawi sanget, manawi nitik saking ayat ingkang angka kalih saha ayat ingkang pungkasan piyambak. ingkang makaten wau anedahaken kalayan cetha bilih surat punika salah satunggaling dhawuh ingkang tumurun rumiyin piyambak.

RUKU' 1

Sanès ayahanipun tiyang éwah

1-7. Pakartinipun Kanjeng Nabi ingkang luhur dalah pasaksènipun. 8-16. Tiyang ingkang kumaluhur-luhur badhé dipun asoraken. 17-33. Sanépa ingkang nedahaken, bilih ingkang ngalang-alangi boten badhé subur.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
1 (Waspadakna) pamangsèn[2536] lan pèn sarta apa kang padha ditulis,	نٓ وَالْقَلَمِ وَمَا يَسْطُرُوْنَ ①
2 Kalawan kanugrahaning Pangéranira sira iku dudu wong owah.[2537]	مَآ اَنْتَ بِنِعْمَةِ رَبِّكَ بِمَجْنُوْنٍ ②

2536. *Nun* punika sanès aksara kanggé pangringkesing tembung, nanging *tembung*, ingkang tegesipun *pamangsén*. Az boten nyarujuki katerangan punika wonten ing TA, mawi waton: manawi ateges wadhah mangsi, *nun* mesthi kaserat kados déné tembung boten kaserat kados déné aksara. Nanging ing pinten-pinten panggènan Quran sok boten manut caraning panyerat kados ingkang limrah-limrah sarta nglastantunaken caraning panyerat kados déné ingkang pinanggih wonten ing seratan Quran ingkang sakawit, ingkang lajeng dados babonipun sadaya tetedhakan seratan Quran. Langkung-langkung wonten pasaksènipun mufassir-mufassir ingkang kina piyambak, ingkang nerangaken bilih aksara *nun* ing ngriki punika tembung *nun*, awit Hasan lan Qatadah negesi *nun* wau *pamangsén*, déné I'Ab negesi *ulam*. Nitik suraosing dhawuh, déné nyebutaken kalam lan seratan, punika nedahaken manawi teges ingkang sapisan wau (pamangsén) langkung mathuk tumrap wonten ing ngriki (JB).

Kateranganipun tuwan Rodwell tumrap dhawuh punika, bilih "ciri punika saha ciri-ciri saminipun punika sadaya ingkang wonten ing Quran, boten sami dipun mangertosi menggah ing tegesipun déning titiyang Muslimin piyambak, nadyan nalika jaman abad ingkang kaping sapisan," punika anedahaken bilih panjenenganipun, ing atasipun dados tukang anjarwakaken Quran Suci, kesangeten anggènipun bodho. Aksara-aksara pangringkesing tembung ingkang pinanggih wonten ing wiwitaning surat, punika kathah ingkang katerangaken tegesipun déning para sahabatipun Kanjeng Nabi Suci, Ibnu 'Abbas minangka pasaksèn ingkang baku piyambak. Qatadah, inggih punika sahabatipun I'Ab, punika sampun terang sugeng nalika abad ingkang sapisan; sabagéan kathah tafsiranipun sahabat I'Ab ing dhawuh-dhawuhipun Quran Suci, lumunta ngantos turun-tumurun margi dipun lumuntakaken déning Qatadah wau.

2537. Pandakwanipun ingkang wiwitan titiyang kafir Makkah dhateng Kanjeng Nabi Suci, punika andakwa Kanjeng Nabi *majnun*, *éwah*. Pandakwa punika karembag wonten ing surat punika, déné wangsulan ingkang sapisan tumrap pandakwa wau, kasebut wonten ing ayat kakalih ingkang kawitan. *Pamangsén lan sabarang ingkang kaserat* kasebutaken, punika menggah ing sajatos-jatosipun, wigatos dhawuh anggatosaken dhateng pinanggihing kasunyatan, bilih piweca-piwecanipun Kanjeng Nabi ing bab prakawis badhé kadadosanipun tuwin bab prakawis pepesthèn ingkang badhé dipun sandhang déning titiyang Makkah, ingkang sadaya wau sampun sami kaserat, punika sampun saged ambuktèkaken bilih Kanjeng Nabi punika boten éwah; awit kaselak mokal pangomyangipun tiyang éwah teka netes saèstu. Kedah dipun pèngeti bilih marambah-rambah Quran Suci nantang para mengsahipun, supados sami nyerati pamecanipun bab Kanjeng Nabi; dados punika ateges anedahaken bilih *piweca-piwecanipun piyambak, sampun kaserat sayektos wiwit wiwitan mila*. Dados awit saking

	3 Sayekti, temen sira bakal olèh ganjaran kang tanpa pedhot.[2538]	وَإِنَّ لَكَ لَأَجۡرًا غَيۡرَ مَمۡنُونٖ ٣
Ar. *agung*	4 Lan sayekti, temen sira iku anglungguhi budi pakarti kang *luhur*.[2539]	وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خُلُقٍ عَظِيمٖ ٤

punika, surat punika, ingkang kagolong kina piyambak, punika dados bukti ingkang cetha, bilih saben wonten dhawuh Quran ingkang tumurun dhateng Kanjeng Nabi, mesthi lajeng kémawon tumunten dipun serati. Bab punika kula aturi mirsani ayat angka 47, tuwin 52: 41: "Utawa apa dhèwèké duwé kawruh marang kang ora katon, kang banjur padha ditulisi?" Dados, *pamangsèn lan kalam lan sabarang ingkang dipun serati*, punika ateges piweca-piweca bab Kanjeng Nabi Suci ingkang kasebutaken wonten ing ayat 3 tuwin piweca-piweca bab para mengsah ingkang kasebut ing ayat 17-33; salajengipun para mengsah wau sami kadhawuhan nyerati piweca-piwecanipun para tukangipun pethèk piyambak.

Nanging dhawuh punika ugi mengku suraos ingkang langkung jembar malih, inggih punika anedahaken bilih Quran punika badhé lastantun tansah anglenggahi papan ingkang miyambaki boten wonten ingkang ngungkuli wonten ing antawisipun kitab-kitab suci ingkang naté kaserat. Dados punika ateges, bukti papancasan ingkang nélakaken Kanjeng Nabi, ingkang nampèni Quran wau, sanès tiyang éwah, punika badhé tansah wonten. Wondéné anggènipun Quran Suci ngungkul-ungkuli sadaya kitab suci ing jagad, punika déné Quran Suci punika kalangkung déning sampurna tuwin jangkep langkep pangrembagipun ing sawarnining kasunyatan agami, ngantos saben kasunyatan agami punika mesthi kalebet wonten ing ngriku, sarta saben piwulang ingkang lepat mesthi kadumuk lepatipun wonten ing ngriku. Mirsanana 1785.

2538. Minangka pasaksènipun prakawis ingkang sampun kadhawuhaken wonten ing ayat ingkang sampun, Kanjeng Nabi kapangandikanan bilih panyarempengipun mesthi badhé ngangsalaken ganjaran ingkang tanpa wonten pedhot-pedhotipun; terangipun: panjenenganipun mesthi badhé kadumugèn anggènipun anjumenengaken agami, tur ingkang kalayan tanpa wonten telas-telasipun, jer tindakipun tiyang éwah mesthi boten badhé wonten wohipun, nadyan ing jaman salebetipun inggih boten. Dados dhawuh punika boten namung mecakaken kalayan terang gamblang bab kamenanganipun ingkang wekasan Kanjeng Nabi dhateng para mengsahipun kémawon, nanging ugi mecakaken, bilih punapa ingkang kasebutaken wonten ing dalem Quran, punika santosa adegipun, ngantos séwu mokal yèn wontena dhawuh Quran ingkang boten kabuktèn kanyataanipun.

2539. Kanjeng Nabi netepi budipakerti ingkang luhur, punika ugi dados bukti bilih boten yèn ta panjenenganipun punika tiyang éwah. Punika boten namung pangaken thok, wangsul menggah ing luhuring bubudènipun Kanjeng Nabi Suci wau, sampun dipun akeni déning titiyang ingkang sami milawani wau piyambak, ngantos panjenenganipun dipun juluki *Al-amin*, inggih punika jujuluk ingkang boten naté dipun anggé anjuluki sinten kémawon déning bangsa Arab; malah pinanggihipun wonten ing babading donya, boten naté wonten satunggaling bangsa ing sageblengipun, anjuluki satunggaling tiyang, mawi jujuluk wau. Bangsa Arab punika bangsa ingkang watakipun gumedhé tur remen peperangan antawisipun pancer-pancer tuwin gotrah piyambak; dados ambokmanawi kémawon tumrap bangsa Arab wau, tangèh yèn puruna ngakeni luhuring bubudènipun satunggaling tiyang, ingkang boten jumeneng ratu, boten dados sesepuhing pancer, sanès prawira linangkung tuwin sanès juru-nganggit kidung ingkang misuwur. Dados, manawi bangsa wau ngantos anjuluki panjenenganipun kalayan jujuluk ingkang tanpa sami wau, kénging katamtokaken mesthi botenipun yèn ta anggènipun anjuluki wau namung mengku pamrih badhé ngumpak utawi ngonggrong panjenenganipun. *Al-amîn* punika tegesipun *tiyang ingkang kénging pinitados* (LL); dados manawi jujuluk punika kanggé anjuluki Kanjeng Nabi, punika ateges para titiyang wau ngatingalaken anggènipun sami angakeni lan angurmati luhuring bubudènipun Kanjeng Nabi wau, ngantos kados-kados ngemungaken panjenenganipun piyambak, lan *namung satunggal thil*, (bab punika kabeta wonten ing ater-ater *al*), tiyang ingkang kénging pinitados tumrap sadaya prakawis. Siti 'Aisyah, ingkang menggah ing caketipun kaliyan Kanjeng Nabi boten wonten ingkang ngungkuli, neksèni luhuring budipakertinipun Kanjeng Nabi makaten كان خلقه القران jawinipun *budipakertiné Kanjeng Nabi iku Quran*. Terangipun,

5 Lah sira bakal weruh, sarta dhèwèké (iya) bakal padha weruh.	فَسَتُبْصِرُ وَيُبْصِرُونَ ﴿٥﴾
6 Sapa sing antaranira kang kadunungan lara owah.	بِأَيِّكُمُ الْمَفْتُونُ ﴿٦﴾
7 Sayekti Pangéranira iku banget angudanèni marang sapa sing sasar saka ing dadalan-É, sarta Panjenengané iku banget angudanèni wong kang ngambah dalan bener.	إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ بِمَنْ ضَلَّ عَنْ سَبِيلِهِ وَهُوَ أَعْلَمُ بِالْمُهْتَدِينَ ﴿٧﴾
8 Mulané aja sira ambangun turut marang wong kang maido.	فَلَا تُطِعِ الْمُكَذِّبِينَ ﴿٨﴾
9 Dhèwèké padha angarep-arep supaya sira ngembat banjur dhèwèké (iya) bakal padha ngembat.[2540]	وَدُّوا لَوْ تُدْهِنُ فَيُدْهِنُونَ ﴿٩﴾
10 Lan aja sira manut marang sarupaning tukang supata kang ina,[2541]	وَلَا تُطِعْ كُلَّ حَلَّافٍ مَهِينٍ ﴿١٠﴾
11 Tukang nacad, kang gawéné nebar pangolok-olok.	هَمَّازٍ مَشَّاءٍ بِنَمِيمٍ ﴿١١﴾
12 Tukang nglarangi panggawé becik, mlangkah wawates dosa,	مَنَّاعٍ لِلْخَيْرِ مُعْتَدٍ أَثِيمٍ ﴿١٢﴾

sadaya gambaring budipakerti luhur ingkang kagelaraken déning Quran Suci, punika menggah ing sajatos-jatosipun paring gagambaran agunging budipakertinipun Kanjeng Nabi punika kados punapa. Quran Suci kalayan terang nyebut panjenenganipun punika conto (33: 21). Wonten saprakawis ingkang murugaken panjenenganipun ngungkuli para nabi sanès-sanèsipun sadaya tuwin para titiyang ageng sadaya, inggih punika margi luhuring budipakertinipun Kanjeng Nabi punika gumelar wonten ing saben lalampahaning ngagesang, wangsul saben nabi sanèsipun sugengipun namung suka conto bab budipakerti luhur tumrap sawatawis lalampahaning ngagesang ingkang tartamtu.

2540. Sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih ing sakawit titiyang Quraisy punika sami gadhah kajeng, ambok inggih Kanjeng Nabi punika anggènipun nglepataken pandamelipun ingkang awon para titiyang Quraisy wau sampun sanget-sanget; lah manawi makaten, piyambakipun inggih boten sanget-sanget anggènipun milawani dhateng panjenenganipun. Wondéné titiyang Quraisy gadhah kajeng ingkang kados makaten wau, punika saking anggènipun ngaosi dhateng Kanjeng Nabi. Kawontenan punika ugi anedahaken bilih surat punika kagolong wahyu ingkang kina piyambak, awit ing taun-taun pawingkingipun anggènipun milawani para titiyang Quraisy saya sakalangkung sanget.

2541. Tiyang ingkang dipun karsakaken inggih punika Walid bin Mugirah (JB), utawi Abu Jahl, utawi Aswad bin Abdi Yagus, utawi Akhnas bin Syuraiq (Rz). Menggah ing sajatos-jatosipun, nitik dhawuhing ayat 8 ingkang mungel “Aja sira ambangun turut marang wong kang padha maido,” sisifatan ingkang kadhawuhaken punika mathuk kaliyan sisifatanipun sadaya panuntun tukang milawani dhateng Kanjeng Nabi Suci.

Ar. *kalok ala kala-kuané*

13 Asor, kajaba saka iku *turun ina.*

عُتُلٍّ بَعْدَ ذٰلِكَ زَنِيْمٍ ﴿١٣﴾

14 Dumèh kadunungan bandha lan anak.

اَنْ كَانَ ذَا مَالٍ وَّبَنِيْنَ ﴿١٤﴾

15 Samangsa diwacakaké timbalan-timbalan-Ingsun acalathu: dongèngé para kina.

اِذَا تُتْلٰى عَلَيْهِ اٰيٰتُنَا قَالَ اَسَاطِيْرُ الْاَوَّلِيْنَ ﴿١٥﴾

Ut. *irungé sing dhuwur*

16 Ingsun bakal anyirèni dhèwèké ana ing *irungé.*[2542]

سَنَسِمُهٗ عَلَى الْخُرْطُوْمِ ﴿١٦﴾

17 Sayekti Ingsun bakal nyoba dhèwèké kaya anggon-Ingsun anyoba wong-wong kang duwé kebon nalikané padha sumpah, temen arep angunduhi wulu wetuné ing wayah umun-umun.[2543]

اِنَّا بَلَوْنٰهُمْ كَمَا بَلَوْنَاۤ اَصْحٰبَ الْجَنَّةِ ۚ اِذْ اَقْسَمُوْا لَيَصْرِمُنَّهَا مُصْبِحِيْنَ ﴿١٧﴾

Ut. *ora nganggo ngèngèh*

18 Lan *ora anisihaké sapérangan* (kanggo wong kang kasrakat).

وَلَا يَسْتَثْنُوْنَ ﴿١٨﴾

19 Wasana bilai saka Pangéranira anglimputi iku, kang sarta dhèwèké padha turu.

فَطَافَ عَلَيْهَا طَآئِفٌ مِّنْ رَّبِّكَ وَهُمْ نَآئِمُوْنَ ﴿١٩﴾

20 Satemah dadi lemah kang geseng lan cengkar.

فَاَصْبَحَتْ كَالصَّرِيْمِ ﴿٢٠﴾

2542. *Anyirèni irung*, punika sami kaliyan *adamel ing satunggaling tiyang nandhang camah ing salami-laminipun* (Rgh). Ingkang salugu *khurthum* punika ateges *tlaléning liman* (Rgh), utawi *congoring sato galak* (TA), utawi *irung ingkang ageng* utawi *ingkang inggil* (MA)" (LL). Ing ngriki tembung wau kanggé nembungaken irunging tiyang, minangka kanggé nedahaken awonipun (Rgh). Rèhning *anf* utawi *irung* punika péranganing rai ingkang wigatos piyambak, mila lajeng kaanggep ateges *al-hamiyyah* (Rz), jawinipun *pangina*. Awit saking punika ugi mila *anfatun* punika lajeng ateges *ina* utawi *camah* (LL). Para ingkang numrapaken sisifatan punika tartamtu dhateng Walid bin Mugirah, anggènipun nyuraos *nyirèni irung* kalayan walaka, inggih punika dumunung piweca, ingkang katuhonan wahananipun nalika ing prang Badr: ing nalika prang Badr, Walid bin Mugirah wau ketaton irungipun, ngantos dumugi pejahipun tatu wau lastantun taksih ketawis (Bd, Rz). Bd ugi mewahi katerangan makaten: tembung wau kagem amedharaken bilih *Panjenenganipun badhé adamel asor ingkang sakalangkung sanget dhateng piyambakipun*.

2543. Punika pasemon ingkang kanggé nyanépakaken nasibipun ingkang wekasan para titiyang Quraisy, inggih punika piyambakipun mesthi boten badhé saged ngundhuh piguna saking barang ingkang sampun sami katanem. Dhawuh punika golonganipun piweca-piweca ingkang kina piyambak, inggih punika nalika Kanjeng Nabi Suci dèrèng sakalangkung sanget anggènipun dipun mengsahi kados nalika jaman Makkah ingkang wekasan; suprandéné piweca punika kadhawuhaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang cetha awéla-wéla.

21 Ing wayah umun-umun dhèwèké wis padha uwuh inguwuh,

فَتَنَادَوْا مُصْبِحِيْنَ ۝٢١

22 Calathuné:[a] Padha mruputa marang tegalmu manawa kowé arep padha ngundhuhi (wulu-wetuné)

أَنِ اغْدُوْا عَلٰى حَرْثِكُمْ إِنْ كُنْتُمْ صٰرِمِيْنَ ۝٢٢

23 Banjur padha mangkat karo padha rerembugan sisidheman,

فَانْطَلَقُوْا وَهُمْ يَتَخَافَتُوْنَ ۝٢٣

24 Calathuné: Ing dina iki aja ana wong miskin mlebu mrono (anggolong) marang kowé.

أَنْ لَّا يَدْخُلَنَّهَا الْيَوْمَ عَلَيْكُمْ مِّسْكِيْنٌ ۝٢٤

25 Lan ing wayah ésuk padha mangkat, kalawan duwé kakuwatan kanggo ngalang-alangi.

وَّغَدَوْا عَلٰى حَرْدٍ قٰدِرِيْنَ ۝٢٥

26 Ananging bareng weruh tegalé, padha calathu: sayekti aku iki padha kesasar:

فَلَمَّا رَاَوْهَا قَالُوْا إِنَّا لَضَآلُّوْنَ ۝٢٦

27 O, malah aku iki padha kélangan.

بَلْ نَحْنُ مَحْرُوْمُوْنَ ۝٢٧

28 (Wong) kang becik dhéwé acalathu: Apa aku rak wis kandha menyang kowé: yagéné kowé ora padha Mahasucèkaké (Gusti Allah)?

قَالَ أَوْسَطُهُمْ أَلَمْ أَقُلْ لَّكُمْ لَوْلَا تُسَبِّحُوْنَ ۝٢٨

29 Dhèwèké padha angucap: Mahasuci Pangéran kawula, saèstu kawula punika sami anganiaya.

قَالُوْا سُبْحٰنَ رَبِّنَآ إِنَّا كُنَّا ظٰلِمِيْنَ ۝٢٩

30 Nuli kang sawenèh maju marang sawenèhé, tutuh-tinutuh.

فَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلٰى بَعْضٍ يَّتَلَاوَمُوْنَ ۝٣٠

31 Padha ngucap: O, cilaka aku iki! temen aku padha ambalasar.

قَالُوْا يٰوَيْلَنَآ إِنَّا كُنَّا طٰغِيْنَ ۝٣١

32 Mbokmanawa Pangéranku bakal aparing liliru marang aku kang luwih becik tinimbang iku;

عَسٰى رَبُّنَآ أَنْ يُّبْدِلَنَا خَيْرًا مِّنْهَآ

sayekti, marang Pangéranku olèh-ku padha nyuwun kalawan kon-jem.[2544]

إِنَّآ إِلَىٰ رَبِّنَا رَٰغِبُونَ ٣٢

33 Kaya mangkono iku siksa iku, lan sayekti, siksa ing akhirat iku luwih gedhé, yèn ta dhèwèklé padha weruha.[2545]

كَذَٰلِكَ ٱلْعَذَابُ ۖ وَلَعَذَابُ ٱلْءَاخِرَةِ أَكْبَرُ ۚ لَوْ كَانُوا۟ يَعْلَمُونَ ٣٣

RUKU' 2

Pèpènget tumrap sadaya bangsa

34-41. Titiyang tulus kaliyan titiyang awon punika boten sami. 42-47. Weca. 48-50. Kedah kalayan sabar angentosi wusananipun: Nabi Yunus dados conto. 51, 52. Pèpènget tumrap sadaya bangsa.

34 Sayekti, para wong kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala) iku bakal olèh patamanan nugraha ana ing ngarsaning Pangérané.

إِنَّ لِلْمُتَّقِينَ عِندَ رَبِّهِمْ جَنَّٰتِ ٱلنَّعِيمِ ٣٤

35 Lah apa ta para wong kang sumarah bakal Ingsun dadèkaké kaya wong duraka?

أَفَنَجْعَلُ ٱلْمُسْلِمِينَ كَٱلْمُجْرِمِينَ ٣٥

36 Sira padha anu apa? Kapriyé *panemunira*?

Ut. *panca-sanira*

مَا لَكُمْ كَيْفَ تَحْكُمُونَ ٣٦

37 Apa sira duwé kitab kang *isiné* sira waca,

Ar. *ing jeroné*

أَمْ لَكُمْ كِتَٰبٌ فِيهِ تَدْرُسُونَ ٣٧

38 Kang ing jeroné sira temen éntuk apa kang sira karepaké?

إِنَّ لَكُمْ فِيهِ لَمَا تَخَيَّرُونَ ٣٨

2544. Punika anedahaken bilih kajawi ngancam siksa para titiyang Makkah, Quran ugi mecakaken bilih ing wasananipun para titiyang Makkah wau mesthi badhé purun nampeni yakti. Watawis kalih dasanan taun malih, ingkang kawecakaken ing ngriki punika kelampahan saèstu, inggih punika nalika bedhahipun nagari Makkah. Prakawis-ptakawis ingkang kanggé waton mengsahi Kanjeng Nabi Suci ngantos pinten-pinten taun, ical atanpa tilas; pambudidayanipun gagal tanpa tanja; panguwaosipun wonten ing nagarinipun ucul saking tanganipun. Nanging para titiyang wau sami ngrumaosi anggènipun dumunung ing sasar, lajeng sami ngrasuk Islam, sarta lajeng kadadosaken tiyang ingkang nyepeng pepréntahanipun kerajan ingkang sakalangkung jembar. Lah kados makaten punika anggènipun Pangéran maringi dhateng piyambakipun lilintu ingkang langkung saé katimbang lan ingkang sampun, jalaran para titiyang wau sami adhedhépé dhateng Panjenenganipun.

2545. Siksa ing akhirat kasebutaken piyambak, punika dados pasaksèn ingkang terang, bilih siksa ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat-ayat ingkang sampun, inggih punika ingkang kasebutaken malih ing wiwitanipun ayat punika wonten ing dhawuh ingkang mungel: *kaya mangkono iku siksa iku*, punika siksa ingkang badhé andhawahi piyambakipun wonten ing gesang sapunika punika. Wondéné siksa wau lajeng dados pasaksèn, bilih siksa ing akhirat punika nyata wonten sayektos.

أَمْ لَكُمْ أَيْمَانٌ عَلَيْنَا بَالِغَةٌ إِلَىٰ يَوْمِ الْقِيَامَةِ ۙ إِنَّ لَكُمْ لَمَا تَحْكُمُونَ ﴿٣٩﴾

39 Utawa apa sira tampa prajanjian saka Ingsun kang dikukuhaké kalawan sumpah, nganti tumeka ing dina kiyamat, yèn sira temen bakal éntuk apa pancasanira?

سَلْهُمْ أَيُّهُمْ بِذَٰلِكَ زَعِيمٌ ﴿٤٠﴾

40 Padha takonana, dhèwèké sapa sing tanggung tumrap prakara iku.

أَمْ لَهُمْ شُرَكَاءُ فَلْيَأْتُوا بِشُرَكَائِهِمْ إِنْ كَانُوا صَادِقِينَ ﴿٤١﴾

41 Utawa apa dhèwèké duwé sakuthu? Lah cikbèn padha anekakaké sakuthuné, yèn dhèwèké iku padha wong temen.

يَوْمَ يُكْشَفُ عَنْ سَاقٍ وَيُدْعَوْنَ إِلَى السُّجُودِ فَلَا يَسْتَطِيعُونَ ﴿٤٢﴾

42 Ing dina bakal anané bilai gedhé sarta dhèwèké bakal padha diuwuh sujud, ananging padha ora *bisa*,[2546]

Ut. *kuwat*

2546. Tegesipun كشف عن الساق manut serat-serat bausastra, sampun katerangaken sacekapipun wonten ing 1855. Ing ngriki kula badhé mewahi katerangan sakedhik saking kitab-kitab tafsir. Bd anjarwani يوم يكشف عن ساق punika ateges يوم يشتد الامر jawinipun *ing dinané prakara dadi prakara gedhé* (utawi *ing dinané ana kasusahan kang abanget*). Salajengipun Bd ugi suka teges satunggal malih, inggih punika يوم يكشف عن اصل الامر jawinipun: *ing dinané kayektèning prakara ginawé ngégla.* Kf nerangaken: الكشف عن الساق (ingkang wantahipun ateges *ngliga kémpol*) tuwin الابراء عن الخدم (ingkang wantahipun ateges *ambuka tungkak*), punika paribasan ingkang kanggé maribasakaken satunggaling prakawis ingkang ageng tuwin kasusahan ingkang sakalangkung sanget; wondéné asalipun paribasan wau, mirid saking kawontenanipun tiyang èstri ingkang lumajeng sasaran margi saking kagèt lan kuwatos, ngantos salebetipun lumajeng wau sami nyincingaken sandhanganipun saking kémpolipun, tuwin ngatingalaken tungkakipun." Salajengipun, kanggé angiyataken kateranganipun, Kf nyebutaken kidungan kakalih, ingkang lajeng katerangaken makaten: يوم يكشف عن ساق tegesipun: *ing dinané prakara bakal dadi prakara gedhé lan anggirisi, ing kono ora ana ngégla lan ora kémpol.*" IAs nalika nerangaken tetembungan saminipun ingkang kados makaten wau inggih punika يكشف عن ساق ingkang kasebut wonten ing Hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, mèh sami plek kados kateranganipun Kf wau. Rz nganggep *as-sâq* punika tegesipun *asy-syidah,* sarta nyebutaken kidung Arab gangsal padha, sarwi nulak pamanggihipun titiyang *Musyabbihah,* ingkang sami nyuraos kalayan walaka tetembungan wau.

Para mufassirin ugi sami pasulayan ing pamanggih, punapa dadosipun anggirisi wau wonten ing gesang sapunika-punika, punapa ing gesang sasampuning pejah. Abu Muslim mastani ing gesang sapunika punika, Rz ngrujuki. Nanging, kados déné ingkang sampun asring kula sebutaken, dadosipun anggirisi lan kasusahan ingkang kaancamaken dhateng para kafir, punika dhumawah dhateng para kafir wau wonten ing gesang sapunika; nanging gumelaripun ingkang langkung sampurna malih, badhé kelampahan bénjing ing gesang sasampuning pejah.

43 Padha andhingkluk pandelengé, nistha-papa anibani; lan sayekti, biyèn dhèwèké padha diuwuh sujud, nalikané isih padha slamet.

خَاشِعَةً أَبْصَارُهُمْ تَرْهَقُهُمْ ذِلَّةٌ ۖ
وَقَدْ كَانُوا يُدْعَوْنَ إِلَى السُّجُودِ
وَهُمْ سٰلِمُوْنَ ﴿٤٣﴾

44 Mulané togna baé Ingsun sarta sapa-sapa sing padha anggorohaké timbalan iki; kalawan sarenti Ingsun bakal anukup dhèwèké saka ing panggonan kang dhèwèké ora weruh.

فَذَرْنِي وَمَنْ يُّكَذِّبُ بِهٰذَا الْحَدِيْثِ ۖ
سَنَسْتَدْرِجُهُمْ مِّنْ حَيْثُ لَا يَعْلَمُوْنَ ﴿٤٤﴾

45 Lan Ingsun aparing sumené marang dhèwèké; sayekti, ranca-
a. 965 ngan-Ingsun[a] iku kenceng.[2547]

وَأُمْلِيْ لَهُمْ ۚ إِنَّ كَيْدِيْ مَتِيْنٌ ﴿٤٥﴾

46 Apa sira anjaluk pituwas marang dhèwèké nganti dhèwèké nyangga utang?

أَمْ تَسْأَلُهُمْ أَجْرًا فَهُمْ مِّنْ مَّغْرَمٍ
مُّثْقَلُوْنَ ﴿٤٦﴾

47 Utawa apa dhèwèké duwé (kawruh marang) kang ora katon, kang banjur ditulisi?[2548]

أَمْ عِنْدَهُمُ الْغَيْبُ فَهُمْ يَكْتُبُوْنَ ﴿٤٧﴾

48 Mulané di sabar angentèni pancasané Pangéranira, aja kaya mitraning iwak, kang angadhuh-adhuh nalikané ana sajroning babaya.[2549]

فَاصْبِرْ لِحُكْمِ رَبِّكَ وَلَا تَكُنْ كَصَاحِبِ
الْحُوْتِ ۘ إِذْ نَادٰى وَهُوَ مَكْظُوْمٌ ﴿٤٨﴾

49 Yèn ta ora anaa nugraha saka Pangérané tumeka marang dhèwèké, masthi dhèwèké ngalumpruk tiba ing lemah kang lagis sarta dadi wong cinacad.

لَوْلَآ أَنْ تَدٰرَكَهٗ نِعْمَةٌ مِّنْ رَّبِّهٖ
لَنُبِذَ بِالْعَرَآءِ وَهُوَ مَذْمُوْمٌ ﴿٤٩﴾

2547. Piyambakipun sami kaparingan inah, nanging siksanipun sampun genah.

2548. Saben wonten rembag bab prakawis sumerep barang gaib, asring mawi nyebutaken seratan. Mila makaten awit ngemungaken seratan kémawon ingkang saged ngantebaken, ing kayektèning piweca. Wontenipun ayat-ayat ingkang kados makaten punika, dados bukti ingkang terang bilih Quran piyambak, ingkang isi piweca pinten-pinten, punika sampun kaseratan wiwit ing sakawit mila. Jalaran saupami botena makaten, panantang dhateng para mengsahipun supados sami nyerati sumerepipun dhateng barang ingkang badhé kelampahan lumantar para tukangipun pethèk, punika jekti atanpa teges; saya malih manawi angèngeti bilih panantang wau kamot wonten ing dhawah ingkang sepuh-sepuh.

2549. Ing ngriki Kanjeng Nabi Yunus kasebut mitraning ulam, punika margi wontenipun lalampahan ingkang kasebutaken ing 37: 142.

50 Tumuli Pangérané amiji dhèwèké sarta didadèkaké golongané para wong tulus.

فَاجْتَبٰهُ رَبُّهٗ فَجَعَلَهٗ مِنَ الصّٰلِحِيْنَ ﴿٥٠﴾

51 Lan para kang padha kafir amasthi padha nalorong sira kalawan pandelengé manawa ngrungu pépéling, karo padha ngucap: Temen, dhèwèké iku édan.[2550]

وَاِنْ يَّكَادُ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا لَيُزْلِقُوْنَكَ
بِاَبْصَارِهِمْ لَمَّا سَمِعُوا الذِّكْرَ وَ
يَقُوْلُوْنَ اِنَّهٗ لَمَجْنُوْنٌ ﴿٥١﴾

52 Lan iku ora liya kajaba pépéling tumrap kabèh bangsa.

وَمَا هُوَ اِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعٰلَمِيْنَ ﴿٥٢﴾

2550. Surat punika dipun wekasi sami plek kaliyan wiwitanipun, inggih punika nyebutaken pandalihipun para titiyang kafir. Wondéné ayat ingkang pungkasan piyambak, *lan iku ora lija kajaba pépéling tumrap para umat*, punika dumunung ngringkes bukti-bukti ingkang dipun anggé nulak pandakwa wau. Menggah ing sajatos-jatosipun, bukti-bukti ingkang dipun gelar wonten ing surat punika, punika tansah kayektèn wonten ing sadaya jaman tuwin tumrap sadaya bangsa. Kapèngetana, dalasan dhawuh ingkang tumurun nalika jaman wiwitan pisan, kados déné surat punika, sampun angundhangaken bilih ayahanipun Kanjeng Nabi punika kakersakaken tumrap sadaya umat. Miturut hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, inggih ayahan punika ingkang kagelaraken déning Kanjeng Nabi rumiyin piyambak. Dipun riwayataken Kanjeng Nabi naté mangandikakaken bagéndha Abu Bakr, inggih punika priya ingkang rumiyin piyambak ngrasuk agami Islam, makaten: “aku andhawuhaken marang para manusa, aku iku utusané Allah marang kowé kabèh; nanging kowé kabèh padha ngucap: kowé goroh. Abu Bakr ngucap: Panjenengan ngandika temen” (Bkh. Nalika nafsiri surat 7).

سُورَةُ الْحَاقَّةِ مَكِّيَّةٌ (٦٩) آياتها ٥٢ ركوعاتها ٢

SURAT 69

AL-HÂQQAH

(*Bilai ingkang masthi dhumawah*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 53 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Siksa.
Ruku' 2. Pandalih goroh dipun tulak.

Katerangan Gerban

Surat punika cetha manawi langkung kantun tumurunipun katimbang lan surat ingkang sampun, awit surat punika mangandikakaken pandakwa-pandakwanipun para kafir ingkang kantun-kantun, inggih punika bilih Kanjeng Nabi punika juru nganggit kidung utawi tukang pethèk, utawi tukang duracara (ayat 41-44), déné surat ingkang sampun punika ingkang kawarsitakaken pandakawanipun para kafir ingkang rumiyin piyambak: Kanjeng Nabi tiyang éwah. *Al-hâqqah,* utawi *Bilahi ingkang mesthi dhumawah,* ingkang kaancamaken dhateng para titiyang Quraisy wonten ing ayat ingkang wiwitan piyambak, sarta ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika, punika siksanipun para titiyang Quraisy; pèpènget punika dipun sambeti ing pratélan bab nasibipun umat-umat ingkang rumiyin. Sepalihipun ingkang kantun ruku' ingkang sapisan punika nyebutaken bilih bilai ingkang mesthi dhumawah, ateges wekdalipun para angèstu tampi ganjaran tuwin para ingkang sami atindak awon sami tampi siksa. Ruku' ingkang kaping kalih nerangaken bilih pandakwa-pandakwanipun para mengsah, kadosta andakwa bilih Kanjeng Nabi juru nganggit kidung, utawi tukang pethèk utawi duracara, punika sadaya palsu.

RUKU' 1

Siksa

1-3. Siksanipun tiyang Quraisy. 4-12. Umat ingkang rumiyin. 13-37. Para mukmin sarta tiyang awon.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih. — بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

1 Bilai pinasthi! — اَلْحَاۤقَّةُ ۙ﴿١﴾

2 Apa ta bilai pinasthi iku? — مَا الْحَاۤقَّةُ ۚ﴿٢﴾

3 Lan apa kang bakal meruhaké sira, bilai pinasthi iku apa![2551] — وَمَاۤ اَدْرٰىكَ مَا الْحَاۤقَّةُ ۗ﴿٣﴾

2551. *Al-hâqqah* punika karimbag saking tembungipun asal ingkang sakawit: *haqq*, tegesipun yakti, sarta kénging dipun werdèni warni-warni ingkang sadaya kémawon taksih sami mengku

4 (Bangsa) Tsamud lan ‘Ad padha anggorohaké marang bilai kang anggegeteri.[2552]	كَذَّبَتْ ثَمُودُ وَعَادٌ بِالْقَارِعَةِ ٤
5 Wondéné (bangsa) Tsamud, lah iku dilebur kalawan siksa kang banget anggegeteri.[2553]	فَأَمَّا ثَمُودُ فَأُهْلِكُوا بِالطَّاغِيَةِ ٥
6 Lan (bangsa) ‘Ad, lah iku dilebur kalawan angin gedhé anggigirisi,	وَأَمَّا عَادٌ فَأُهْلِكُوا بِرِيحٍ صَرْصَرٍ عَاتِيَةٍ ٦
7 Kang Dikarsakaké anglimputi tumempuh marang dhèwèké pitung wengi lan wolung dina tanpa mendha, supaya sira weruha, anggoné ambalasah bangsa iku ana ing kono, kaya déné klonthongan wit kurma.	سَخَّرَهَا عَلَيْهِمْ سَبْعَ لَيَالٍ وَثَمَانِيَةَ أَيَّامٍ حُسُومًا فَتَرَى الْقَوْمَ فِيهَا صَرْعَىٰ كَأَنَّهُمْ أَعْجَازُ نَخْلٍ خَاوِيَةٍ ٧

suraosing tembungipun ingkang sakawit. Dados tembung punika sami tegesipun kaliyan tembung *haqîqah*, ingkang jawinipun kasunyatan, kados déné ing ukara لما رأى الحاقة منى هرب jawinipun *bareng dhèwèké weruh kasunyatan saka aku, dhèwèké banjur lumayu* (TA). Tembung wau ugi ateges *bilai ageng ingkang badhé kalampahanipun sampun katamtokaken utawi katetepaken* (Q-LL), utawi *sa’at ingkang mesthi kelampahanipun, utawi sa’at, ingkang ing ngriku badhé wonten:* حواق الامور jawinipun: *bilai-bilai ageng* (Rz), utawi *sa’at ingkang ing kala punika sabarang prakawis badhé kasumerepan kalayan yakin* (LL), utawi *sa’at ingkang ing kala punika pandamel badhé angsal wawalesipun* (Rz). Miturut Az, *al-haqqah* punika *sa’at*, *ingkang ing kala punika yakti badhé dipun damel menang*; wondéné sababipun mila kasebut makaten, awit yakti badhé saged ngawonaken sinten kémawon ingkang kalayan boten leres milawani agaminipun Allah.

Para mufassirin sami mastani bilih sa’at wau ingkang dipun karsakaken dinten kiyamat. Nanging menggahipun kula, manut suraosing tembung ingkang warni-warni kasebut ing nginggil wau sadaya, boten wonten pakèwedipun manawi sa’at wau kasuraos ugi mengku teges sa’at dhumawahing siksanipun satunggaling umat ingkang kadhawahaken ing gesang sapunika punika. Menggah ing sajatos-jatosipun, tuladha bab kaum ‘ad, kaum Tsamud, raja Fir’aun tuwin kaum ing Sadum, punika sadaya anedahaken, bilih bilai ingkang mesthi dhumawah, ingkang wonten ing ngriki katembungaken *al-hâqqah*, punika boten kénging boten mesthi andhawahi para titiyang Makkah. Nyata lan sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih yakti, wawales, bilai, utawi kamenanganipun yakti ingkang kelampahan wonten ing gesang sapunika punika, cumethanipun ingkang kalayan sampurna piyambak bénjing wonten ing akhirat. Rèhipun makaten, mila dados tembung wau rangkep tegesipun, inggih punika siksaning umat wonten ing gesang sapunika punika, tuwin kiyamat ing bénjing.

2552. *Al-qâri’ah* punika ririmbangan saking tembung *qar’*, ingkang jawinipun *pamupuhipun satunggaling barang dhateng satunggalipun* (Rgh). Dados *al-qâri’ah* punika *bilai ingkang kumampleng* utawi *bilai ingkang saged adamel giris dhateng manahing manusa* (Rz). Ing ngriki ateges bilai ingkang sampun dipun pèpèngetaken dhateng kaum ‘Ad lan kaum Tsamud, nanging-déning kaum wau dipun paiben.

2553. *Ath-thâgiyah* punika ririmbagan saking tembung asal: *thagâ*, ingkang jawinipun *nglangkungi wates*; dados *ath-thâgiyah* punika kénging dipun tegesi siksa ingkang sakalangkung déning sanget (Rz anggènipun merdèni tembung wau *kawontenan ingkang langkung ing wates menggah ing sangetipun*), utawi saged ugi ing ngriki punika tembung aran ingkang ateges *thugyân*, jawinipun *andaluya*. Ingkang kasebut angka kalih wau anggènipun merdèni I’Ab tuwin Mjd tuwin Ibnu Zaid (AH).

8 Lah apa sira andeleng, apa ana siji sing kari?

فَهَلْ تَرٰى لَهُمْ مِّنْ بَاقِيَةٍ ﴿٨﴾

9 Apa déné Fir'aun sarta wong
a. 1196 ing sadurungé tuwin kutha-kutha[a]
kang padha ambruk iku anglakoni panggawé luput.

وَجَآءَ فِرْعَوْنُ وَمَنْ قَبْلَهٗ وَالْمُؤْتَفِكٰتُ بِالْخَاطِئَةِ ﴿٩﴾

10 Sarta padha ambangkang marang Utusaning Pangérané, mulané Panjenengané amatrapi dhèwèké kalawan patrapan kang abot.

فَعَصَوْا رَسُوْلَ رَبِّهِمْ فَاَخَذَهُمْ اَخْذَةً رَّابِيَةً ﴿١٠﴾

11 Sayekti, nalika banyu munggah adhuwur, sira Ingsun emot ing
b. 1180 prau,[b]

اِنَّا لَمَّا طَغَا الْمَآءُ حَمَلْنٰكُمْ فِي الْجَارِيَةِ ﴿١١﴾

12 Supaya iku Ingsun dadèkaké pépéling tumrap marang sira sarta kuping kang rumungu bisa krungu.

لِنَجْعَلَهَا لَكُمْ تَذْكِرَةً وَّتَعِيَهَآ اُذُنٌ وَّاعِيَةٌ ﴿١٢﴾

13 Lan nalikané salompret tini-
c. 789 yup kalawan tiyupan sapisan,[c]

فَاِذَا نُفِخَ فِي الصُّوْرِ نَفْخَةٌ وَّاحِدَةٌ ﴿١٣﴾

14 Sarta bumi lan gunung-gunung padha diangkat tuwin diremuk kalawan pangremuk sapisan,

وَّحُمِلَتِ الْاَرْضُ وَالْجِبَالُ فَدُكَّتَا دَكَّةً وَّاحِدَةً ﴿١٤﴾

15 Lah, ing dina iku lalakon kang gedhé bakal kalakon.[2554]

فَيَوْمَئِذٍ وَّقَعَتِ الْوَاقِعَةُ ﴿١٥﴾

16 Lan langit bakal sigar, temahan ing dina iku langit bakal dadi ringkih,

وَانْشَقَّتِ السَّمَآءُ فَهِيَ يَوْمَئِذٍ وَّاهِيَةٌ ﴿١٦﴾

17 Sarta para malaikat bakal padha ana ing sisihé kono; lan ing

وَّالْمَلَكُ عَلٰٓى اَرْجَآئِهَا ۗ وَيَحْمِلُ

2554. Temahanipun lalampahan ageng punika katerangaken wonten ing 56: 3; mirsanana 2425 tuwin 2426. Ing ngriku katerangaken bilih lalampahan ageng, *al-wâqi'ah*, punika ateges leburipun titiyang Makkah ing gesang sapunika punika; nanging inggih nyata bilih cumethanipun ingkang sampurna lalampahan punika badhé kelampahan wonten ing gesang sasampuning pejah. Bumi lan redi sami sirna lan remuk tegesipun para tiyang alit lan tiyang ageng sami ambruk margi dhumawahipun karisakan utawi siksa wau.

Ut. *kara-toning, kawasaning*	sadhuwuré dhèwèké, ing dina iku, wowolu bakal nyangga *dhampa-ring* Pangéranira.[2555]	عَرْشَ رَبِّكَ فَوْقَهُمْ يَوْمَئِذٍ ثَمَٰنِيَةٌ ﴿١٧﴾

2555. Kados déné ingkang sampun asring kula terangaken, cumethanipun ingkang kalayan sampurna kawontenan-kawontenan ingkang kados makaten punika bénjing ing dinten kiyamat, punika boten teka lajeng ateges bilih kawontenan-kawontenan wau babar pisan boten saged kelampahan wonten ing gesang sapunika punika, punika boten. Kosokwangsuliipun, cumethanipun kawontenan-kawontenan wau wonten ing gesang sapunika punika, nadyan namung sawatawis, punika malah saged ambuktèkaken badhé cumethanipun ingkang langkung ageng.nalih wonten ing akhirat. Sarta inggih makaten punika sifatipun ingkang miyambaki piweca-piwecanipun Quran ing babagan prakawis ingkang magepokan kaliyan akhirat. Kadosta, redi bengkah, punika ing dalem sawenèh suraosipun sampun kelampahan nalika prang Badr (984), sarta para malaikat inggih wonten ing ngriku biyantu dhateng titiyang Muslimin.

Panguwaos kaampil ing *wowolu* wonten ing dinten wau, punika prakawis angèl. Sapisan, *sadhuwuré dhèwèké*, punika tegesipun *sanginggilipun para malaikat* ingkang kapangandikakaken wonten ing ayat ingkang sampun (Rz). Awawaton punika kula sami angsal pupuntoning pamanggih, bilih tukang ngampil panguwaos cacah wolu, punika manawi boten sawenèh titah ingkang pangkatipun wonten ing sanginggilipun para malaikat, inggih malaikat ingkang tartamtu, ingkang pangkatipun wonten ing sanginggilipun para malaikat limrah. Pantes pinengètan bilih tembung *tsamâniyah'*, utawi *wolu* wau boten kasambetan ing tembung punapa-punapa ingkang anedahaken ingkang cacah wolu wau punapa. Para mufassirin limrahipun sami gadhah panginten, bilih punika para malaikat; nanging para mufassirin ingkang langkung ngatos-atos boten sami purun mastani punapa-punapa, dalasan mastani cacahipun kémawon inggih boten purun. Sawenèhipun wonten ingkang mastani bilih saged ugi tegesipun punika wolung èwu, sanèsipun malih mastani wolung tataran (Kf, déné pamanggih angka kalih wau pamanggihipun Dk). Kf mewahi katrangan: "sarta saged ugi ingkang wolu wau ruh utawi sawenèh titah sanèsipun." Saprakawis perlu dipun èngeti manawi merdèni dhawuh-dhawuh ingkang mawi tembung ngibarat makaten wau, inggih punika: Pangéran pribadi punika *al-qayyumi* jawinipun *Ingkang Jumeneng Pribadi sarta Ingkang anggesangi sadaya barang* (2: 255). Manawi punika dipun anggé dhadhasar, lajeng terang manawi barang sanès-sanèsipun punika boten teka dumunung dados tukang ambiyantu tumrap Pangéran, wangsul sadaya wau titah, sami ugi punapa malaikat punapa titah sanès sanginggilipun para malaikat ingkang sadaya wau malah dipun gesangi déning Pangéran. Wonten titimbangan sanès malih ingkang saged mitulungi kula sami kanggé ngertosi punapa ingkang dipun karsakaken "para tukang ngampil" punika, inggih punika satunggaling hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang dipun riwayataken déning sadaya para mufassirin, ingkang mangandikakaken bilih ing samangké punika para tukang ngampil wau wonten *sekawan* (Rz, kf, Bd). Lah, samangké lajeng tuwuh pitakènan, punapa wonten sifatipun Pangéran sekawan prakawis, ingkang mligi magepokan kaliyan pangupakaraning jagad punika? Kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing katera-nganipun surat Fatihah, surat Fatihah punika pathining Quran Suci ing sagemblengipun. Lah wonten ing surat Fatihah wau kasebutaken sifatipun Pangéran sekawan prakawis, ingkang magepokan kaliyan pangupakaranipun *al-'alamîn*, jawinipun titah sawegung. Sifat sakawan punika kasebut wonten ing asma *Rabb, Rahmân, Rahîm,* tuwin *Malik*. Manawi kapirsanan wonten ing katrangan tafsiripun tembung sakawan punika wonten ing surat *Fatihah*, badhé saged kacetha bilih sifat sekawan wau, inggih punika sifat *paparing rejeki*, sifat *murah*, sifat *asih* tuwin sifat *paring piwales*, punika menggah ing sajatos-jatosipun sifat-sifat ingkang enggel, ingkang nyampurnakaken sagung titah punika, baboning sifat, punjering sifat sanès-sanèsipun sadaya. Dados sifat sekawan punika sifating dhatipun Pangéran ingkang mangajengi sadaya samukawis, ingkang ngungkuli sadaya samukawis, ingkang andadosaken sadaya samukawis saged anggayuh punjering kasampurnan, tuwin ingkang lastantun wonten, ing sasampunipun sadaya samukawis boten wonten. Awit saking punika, *hamalatu-l-'arsy* sekawan, utawi *tukang ngampil panguwaos* cacah sekawan, punika inggih sifat sakawan wau. Punika ingkang magepokan kaliyan ngalam donya punika.

Kados pundi déné lajeng dados wolu wonten ing dinten kiyamat? Ngalam akhirat punika alam cumethaning kawontenan ruhani ing gesang sapunika punika, ingkang anyar lan ingkang kalayan sampurna. Awit saking punika mila sifating Pangéran sekawan ingkang kanggé anggesangi jagad,

18 Ing dina iku sira bakal binuka (warananira), ora ana wawadinira kang isih tetep wadi.[2556]

يَوْمَئِذٍ تُعْرَضُونَ لَا تَخْفَىٰ مِنكُمْ خَافِيَةٌ ﴿١٨﴾

19 Wondéné sapa sing kitabé ditampakaké ing tangané tengen, banjur bakal calathu: Mara, wacanen kitabku;

فَأَمَّا مَنْ أُوتِيَ كِتَابَهُ بِيَمِينِهِ فَيَقُولُ هَاؤُمُ اقْرَءُوا كِتَابِيَهْ ﴿١٩﴾

20 Sayekti aku wus weruh, yèn aku bakal katemu pétunganku;

إِنِّي ظَنَنتُ أَنِّي مُلَاقٍ حِسَابِيَهْ ﴿٢٠﴾

21 Banjur dhèwèké dumunung ing kauripan kang seneng,

فَهُوَ فِي عِيشَةٍ رَّاضِيَةٍ ﴿٢١﴾

22 Ing taman linuhung

فِي جَنَّةٍ عَالِيَةٍ ﴿٢٢﴾

23 Wowohané (tumiyung) cepak;[2557]

قُطُوفُهَا دَانِيَةٌ ﴿٢٣﴾

24 Padha mangana lan ngombéa kalawan seneng, amarga saka panggawénira kang dhisik-dhisik ing dina-dina kang wis kaliwat.

كُلُوا وَاشْرَبُوا هَنِيئًا بِمَا أَسْلَفْتُمْ فِي الْأَيَّامِ الْخَالِيَةِ ﴿٢٤﴾

25 Déné sapa kang kitabé ditampakaké ing tangané kiwa banjur bakal calathu: O, ambok kitabku iki aja diparingaké marang aku baé:

وَأَمَّا مَنْ أُوتِيَ كِتَابَهُ بِشِمَالِهِ فَيَقُولُ يَا لَيْتَنِي لَمْ أُوتَ كِتَابِيَهْ ﴿٢٥﴾

26 Lan aku mauné durung weruh apa bakal pétunganku:

وَلَمْ أَدْرِ مَا حِسَابِيَهْ ﴿٢٦﴾

27 O, ambok iki didadèkaké wekasanku:[2558]

يَا لَيْتَهَا كَانَتِ الْقَاضِيَةَ ﴿٢٧﴾

---

punika wonten ing ngriku babar anyar malih, sifat sakawan wau babar dados wolu wonten ing dinten kiyamat. Supados boten nuwuhaken seling-serep, perlu kula wewahi katerangan, bilih ing rèhning sifatipun Pangéran punika makardinipun ngagem lantaran para malaikat, mila sifat sekawan utawi wolu ingkang kaanggep tukang ngampil panguwaos, punika gumelaripun mesthi inggih lumantar para malaikat. Kalayan mengku suraos makaten punika, kula sami kénging anggadhahi panyuraos, bilih para tukang ngampil panguwaos wau para malaikat sekawan utawi wolu.

2556. Ayat punika mangandikakaken kalayan terang bab cumethanipun kawontenan ingkang sumingid boten kawistara bénjing wonten ing dinten kiyamat. Ing katerangan ing nginggil sampun kula sebutaken.

2557. Wowohan punika cumethanipun wohing pandamel tulus, ingkang wonten ing gesang sapunika sumingid saking mripat limrah.

2558. Piyambakipun kepéngin ambok inggih pejah punika dados telas-telasanipun piyambakipun.

28 Bandhaku ora makolèhi marang aku:	مَآ أَغْنَىٰ عَنِّى مَالِيَهْ ۜ ﴿٢٨﴾
29 Kawasaku wus birat saka ing aku.	هَلَكَ عَنِّى سُلْطَٰنِيَهْ ۚ ﴿٢٩﴾
30 Dhèwèké cekelen, banjur ranténen,	خُذُوهُ فَغُلُّوهُ ﴿٣٠﴾
31 Tumuli cemplungna ing geni murub,	ثُمَّ ٱلْجَحِيمَ صَلُّوهُ ﴿٣١﴾
32 Banjur tlikungen ing ranté kang dawané pitung puluh asta.[2559]	ثُمَّ فِى سِلْسِلَةٍ ذَرْعُهَا سَبْعُونَ ذِرَاعًا فَٱسْلُكُوهُ ﴿٣٢﴾
33 Sayekti, dhèwèké iku biyèn ora angèstu ing Allah, Ingkang-Agung,	إِنَّهُۥ كَانَ لَا يُؤْمِنُ بِٱللَّهِ ٱلْعَظِيمِ ﴿٣٣﴾
34 Sarta ora anggirèkaké marang angingoni wong miskin.	وَلَا يَحُضُّ عَلَىٰ طَعَامِ ٱلْمِسْكِينِ ﴿٣٤﴾

Iki ing ngriki *pejah*. Utawi inggih saged ateges *ambok iya kahanan iki dadi patiku* (Rz). Utawi *ambok iya kauripan donya iku ora ana baé* (Bd).

2559. Kedah dipun pèngeti bilih ayat-ayat punika sadaya marsitakaken bilih siksa ruhaniyah ing donya punika, wonten ing akhirat dados siksa ingkang gumana wadhag. Upaminipun, ranté ingkang badhé dipun kalungaken ing gulu, punika gumananing pépénginan ing donya punika, inggih punika pépénginan ingkang tansah andadosaken tiyang tumungkul sirahipun ing siti; sarta inggih pépénginan punika ingkang badhé maujud dados ranté makaten ugi balenggu ing donya punika, badhé katingal kadi déné ranté ingkang badhé nyrimpung sukunipun. Manah ingkang mulad-mulad ing donya punika, badhé katingal ngégla kadi déné urubing latu ingkang makantar-kantar. Dados menggah ing sajatos-jatosipun, tiyang duraka punika wonten ing ngalam donya punika ugi sampun sami angsal narakaning syahwat tuwin ubaling pépénginan donya ingkang boten kénging sinirep wonten ing dalem badanipun, saha sampun sami ngraosaken urubing naraka wau samangsa piyambakipun boten kadumugèn kajengipun. Awit saking punika, mila samangsa piyambakipun pinisah saking pépénginanipun ingkang boten langgeng, salajengipun nyumerepi anggènipun telas pangajeng-ajengipun, tur ingkang kalayan langgeng, mulad-mulading manahipun tuwin panggresahing prihatosipun margi anggetuni pépénginan-ipun ingkang sakalangkung dipun tresnani, punika lajeng maujud dados latu ingkang murub. Quran Suci andhawahaken "Lan saantarané dhèwèké karo barang kang padha dikepingini bakal dipasangi aling-aling" (34: 54). Sarta inggih punika calon wiwitaning siksanipun.

Katlikung ing ranté ingkang panjangipun pitung dasa asta, punika inggih ambuka prakawis ingkang sinandi. Watesing umuring nanusa punika kénging dipun racak pitung dasa; tiyang duraka punika saged gesang ngantos samanten wau wonten ing kadurakanipun. Malah tarkadhang piyambakipun saged ngalami umur samanten wau, dèrèng mawi kapétang wedalipun dados laré alit tuwin dados tiyang pikun. Wekdal pitung dasa taun ingkang pancènipun saged dipun pigunakaken kanggé makarya kalayan tulus, waskitha, tuwin mempeng, punika jebul dipun musprakaken kémawon, karana nemaha binalenggu ing kadonyan tuwin labet saking anggènipun tansah andurusi syahwatipun ingkang asor. Piyambakipun boten purun rékadaya nguwalaken awakipun saking pambalengguning ranté syahwat, mila ing akhirat ranténing pépénginan ingkang dipun anggé suka-suka pari suka ngantos pitung dasa taun wau, badhé maujud dados ranté ingkang panjangipun pitung dasa asta, (saben saasta minangka wekdal sataun) ingkang badhé kanggé nyarimpung tiyang duraka.

35 Mulané ing dina iki dhèwèké ing kéné ora duwé mitra tuhu,

فَلَيْسَ لَهُ الْيَوْمَ هٰهُنَا حَمِيْمٌ ﴿٣٥﴾

36 Sarta ora éntuk pangan kajaba rereged,[2560]

وَّلَا طَعَامٌ اِلَّا مِنْ غِسْلِيْنٍ ﴿٣٦﴾

37 Ora ana wong mangan (rereged) iku kajaba wong kang anglakoni panggawé luput.

لَّا يَاْكُلُهٗۤ اِلَّا الْخَاطِـُٔوْنَ ﴿٣٧﴾

RUKU' 2

Pandalih goroh dipun tulak

38-43. Kanjeng Nabi Suci punika sanès juru-kidung sarta sanès juru pethèk. 44-52. Quran Suci punika sanès damel-damelan.

a. 2606 b. 2438 38 Lah satuhu,[a] Ingsun apasaksi[b] kalawan barang kang sira weruhi,

فَلَاۤ اُقْسِمُ بِمَا تُبْصِرُوْنَ ﴿٣٨﴾

39 Sarta barang kang ora sira weruhi.

وَمَا لَا تُبْصِرُوْنَ ﴿٣٩﴾

40 Sayekti, iku temen pangandikané Utusan kang minulya,

اِنَّهٗ لَقَوْلُ رَسُوْلٍ كَرِيْمٍ ﴿٤٠﴾

41 Lan iku dudu tembungé jurukidung; sathithik anggonira padha angèstu;

وَّمَا هُوَ بِقَوْلِ شَاعِرٍ ؕ قَلِيْلًا مَّا تُؤْمِنُوْنَ ﴿٤١﴾

42 Sarta dudu tembungé jurupethèk; sathihik anggonira padha ngangen-angen.

وَلَا بِقَوْلِ كَاهِنٍ ؕ قَلِيْلًا مَّا تَذَكَّرُوْنَ ﴿٤٢﴾

43 Iku wewedhar (kang dhumawuh) saka Pangéraning ngalam kabèh.

تَنْزِيْلٌ مِّنْ رَّبِّ الْعٰلَمِيْنَ ﴿٤٣﴾

44 Lan saupama dhèwèké agawégawé sawenèhing tetembungan (diawadaké) atas (saka) Ingsun,

وَلَوْ تَقَوَّلَ عَلَيْنَا بَعْضَ الْاَقَاوِيْلِ ﴿٤٤﴾

2560. I'Ab, nalika dipun suwuni pirsa *gislîn* punika punapa, ngandika manawi panjenenganipun boten uninga (Rz). Mjd nerangaken bilih *gislîn punika sawenèh tedhanipun para ingkang sami wonten ing naraka.* Miturut Dk*,* gislîn punika bangsanipun tataneman ing naraka. Ls mastani *gislîn* punika *sabarang ingkang sakalangkung déning bentèr* (TA-LL) wantahipun *gislîn* punika *wasuhan*, ingkang déning para mufassirin kawewahan katrangan saking awakipun para kafir. Pamanggih kula langkung cèples dipun jarwani *rereged*.

Ar. *kalawan (ing) tangan tengen*	45 Amasthi dhèwèké bakal Ingsun candhak *tangan tengené,*	لَأَخَذْنَا مِنْهُ بِالْيَمِينِ ۝٤٥
	46 Banjur bakal Ingsun pedhot tatalining jantungé.	ثُمَّ لَقَطَعْنَا مِنْهُ الْوَتِينَ ۝٤٦
	47 Lah ora ana siji-sijia saka antaranira kang bisa anduwa Ingsun saka dhèwèké.[2561]	فَمَا مِنْكُمْ مِنْ أَحَدٍ عَنْهُ حَاجِزِينَ ۝٤٧
	48 Lan sayekti, temen iku pepéling tumrap wong kang padha anjaga dhiriné (saka ing ala)	وَإِنَّهُ لَتَذْكِرَةٌ لِلْمُتَّقِينَ ۝٤٨
Ut. *angemohi*	49 Lan sayekti Ingsun temen angudanèni, yèn sira iku ana kang padha *anggorohaké.*	وَإِنَّا لَنَعْلَمُ أَنَّ مِنْكُمْ مُكَذِّبِينَ ۝٤٩
	50 Lan sayekti temen iku kasusahan gedhé tumrap para kafir.[2562]	وَإِنَّهُ لَحَسْرَةٌ عَلَى الْكَافِرِينَ ۝٥٠
Ut. *yakin*	51 Lan sayekti, iku temen sajati-jatining *kasunyatan*.[2563]	وَإِنَّهُ لَحَقُّ الْيَقِينِ ۝٥١
	52 Mulané Mahasucèkna marang asmaning Pangéranira, Ingkang-Agung.	فَسَبِّحْ بِاسْمِ رَبِّكَ الْعَظِيمِ ۝٥٢

2561. Ayat punika tuwin tigang ayat nginggilipun punika, marsitakaken bilih tiyang ingkang damel-damel wahyuning Pangéran, punika mesthi boten widada. Kula aturi mirsani Pangandharing Torèt 18: 20, ing ngriku piweca bab badhé rawuhipun satunggaling nabi ingkang kados Kanjeng Nabi Musa katungka ing tetembungan ingkang makaten ungelipun: "Balik, endi nabi kang duwé patrap kalawan sumengah, angucapaké pitutur kalawan nyebut asma-Ningsun, mangka pitutur iku ora saka ing dhawuh-Ingsun, utawa kang duwe pitutur kalawan nyebut Allah liyané, nabi iku mesthi kaukum pati." Sasampunipun nyanépakaken nabi palsu kados déné wit ingkang geringen, ingkang boten naté ngedalaken woh ingkang saé, Kanjeng Nabi Isa lajeng ngandika ingkang nunggil suraos kaliyan ingkang kasebut ing nginggil, makaten: "sarupané wit kang ora angetokaké woh kang becik, iku mesthi kategor banjur kacemplungaké ing geni" (Mat. 7: 19).

2562. Jalaran siksa ingkang dipun pèpèngetaken déning Quran dhateng piyambakipun, boten kénging boten mesthi andhawahi piyambakipun sayektos.

2563. *Haqqu-l-yaqin* utawi *jati-jatining kasunyatan* ing ayat punika, punika boten béda kaliyan *al-hâqqah* ing ayat bubukaning surat punika. Kapèngetana, bilih ingkang wonten ing ngriki kasebut *jati-jatining kasunyatan* punika siksanipun para titiyang kafir.

اٰیَاتُهَا ٤٤ (٧٠) سُوۡرَةُ الۡمَعَارِجِ مَكِّیَّةٌ رُكُوۡعَاتُهَا ٢

SURAT 70

AL-MA'ÂRIJ

(*Margining minggah*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 44 ayat*)

Pathinipun :

Ruku' 1. Pidana punika saèstu nyata.
Ruku' 2. Umat énggal badhé dipun degaken.

Katerangan gerban

Namanipun surat punika mendhet saking ayat kaping tiga, ingriku Allah punika kasebut *Kang-kagungan dadalaning Munggah.* Dhumawahing pidana punika barang ingkang sampun mesthi bab punika dipun dhawuhaken ing surat punika kalayan tetembungan ingkang cetha saha cumeplos. Ingkang rumiyin piyambak surat punika nerangaken bilih kawusanan ingkang agung punika kagayuhipun wonten ing salebeting wekdal ingkang dangu sanget, ngantos kasebutaken wekdal utawi *yaum* sèket èwu taun; Kanjeng Nabi lajeng dipun dhawuhi supados ingkang sabar angentosi dinten ingkang mesthi andhawahi para mengsah. Ngajengaken pungkasaning ruku' ingkang sapisan andhawuhaken margi utawi sarana tumrap angèstu kanggé anggayuh kepareking Pangéran, sarta saged ugi ingkang dipun karsakaken wonten ing ayat 3 punika inggih sarana kanggé minggah punika. Ruku' ingkang kaping kalih mangandikakaken kalayan terang gamblang bilih para mengsah mesthi badhé nemahi asor, minangka gentosipun umat énggal badhé dipun jumenengaken.

Sadaya para saged mastani bilih tumurunipun surat punika boten langkung akhir kaliyan pungkasanipun jaman Makkah wiwitan. Sasampunipun marsitakaken pandakwanipun para titiyang kafir Quraisy wonten ing surat kakalih ingkang sampun, surat punika lajeng andhawuhaken bilih siksanipun para mengsah, punika sanajan sampun yakin dhumawahipun taksih ing sawatawis wekdal malih.

RUKU' 1

Pidana punika saèstu nyata

1-21. Pidana punika dhumawah saèstu, ananging boten kalayan tumunten. 22-35. Marginipun minggah dhateng pangayunaning Pangéran.

بِسۡمِ اللّٰهِ الرَّحۡمٰنِ الرَّحِیۡمِ

Kalawan asmaning Allah Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

سَاَلَ سَآئِلٌۢ بِعَذَابٍ وَّاقِعٍ ۙ﴿۱﴾

1 Sawijining *wong*, anjaluk siksa kang masthi bakal tumiba.

Ar. *wong kang anja-luk*

لِّلۡكٰفِرِیۡنَ لَیۡسَ لَهٗ دَافِعٌ ۙ﴿۲﴾

2 Tumrap para kafir – ora ana wong kang bisa nulak iku.[2564]

2564. Boten wonten waton-watonipun manawi tiyangipun ingkang nyuwun dhumawahing pidana

3 Saka ing Allah, kang kagungan dadalaning munggah.[2565]

مِّنَ اللّٰهِ ذِي الْمَعَارِجِ ۝٣

4 Para malaikat sarta ruh padha munggah marang Panjenengané ing sawijining dina kang ukurané sèket èwu taun.[2566]

تَعْرُجُ الْمَلٰٓئِكَةُ وَالرُّوْحُ إِلَيْهِ فِيْ يَوْمٍ كَانَ مِقْدَارُهٗ خَمْسِيْنَ أَلْفَ سَنَةٍ ۝٤

5 Mulané disabar kalawan sabar kang éndah.

فَاصْبِرْ صَبْرًا جَمِيْلًا ۝٥

6 Sayekti dhèwèké padha ngira, yèn iku adoh.

إِنَّهُمْ يَرَوْنَهٗ بَعِيْدًا ۝٦

7 Lan panyawang Ingsun, iku wis cepak

وَّنَرٰىهُ قَرِيْبًا ۝٧

8 Ing dina, samangsa langité kaya jèr-jèran tembaga.

يَوْمَ تَكُوْنُ السَّمَآءُ كَالْمُهْلِ ۝٨

9 Lan gunung-gunung kaya wiwiran wulu wedhus.

وَتَكُوْنُ الْجِبَالُ كَالْعِهْنِ ۝٩

Ar. *mira*

10 Sarta ora ana *wong* tatakon mitra.

وَلَا يَسْـَٔلُ حَمِيْمٌ حَمِيْمًا ۝١٠

ingkang dipun ancamaken punika katamtokaken tiyang satunggal ingkang mligi. Piweca-piweca bab menangipun ingkang wekasan Kanjeng Nabi Suci, tuwin piweca-piweca bab leburipun mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, punika wonten ing Quran Suci asring sanget kaundhangaken, ngantos asring kémawon tuwuh wonten pitakènan ingkang kados makaten punika: "Kapan kalakoné pangancam iki, manawa kowé iku padha temen?" (36: 48, 67: 25, tuwin sanès-sanèsipun). Panyuwunipun ingkang nunggil suraos kasebutaken wonten ing 8: 32 makaten: "Lan kalané dhèwèké padha ngucap: Dhuh Allah! manawi punika barang yakti saking ngarsa Tuwan, lah mugi Tuwan anjawahaken séla saking langit dhateng kawula, andhatengaken siksa ingkang nyakiti dhateng kawula."

2565. Warni-warni tiyang anggènipun nerangaken tembung *dhi-l-mâ'aridj* utawi *Kang kagungan dadalaning munggah* punika. Nanging pamanggih kula, ingkang dipun karsakaken punika kaangkatipun ing ngaluhur Kanjeng Nabi akaliyan kasiksanipun para mengsahipun Kanjeng Nabi. Ing ngriki Pangéran kasebut "kang kagungan dedalaning munggah": punika minangka kanggé anedahaken, bilih para mengsahipun Kanjeng Nabi mesthi kapidana, déné para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi mesthi kaparingan sarana ingkang kanggé minggah, utawi sarana kanggé anggayuh kaluhuran. Kula aturi nyundhukaken kaliyan 56: 3, ing ngriku kapangandikakaken, "kawontenan agung" punika *damel ina, damel luhur*. Sarana kanggé anggayuh kaluhuran para angestu wau katerangaken langkung panjang: mirsanana ayat 22-35.

2566. Kapangandikakaken ing ngriki, sadinten sami kaliyan sèket èwu taun. Rekaos sanget sagedipun amastani, punapa wekdal samanten wau, wekdal ingkang kanggé nyampurnakaken kamenanganipun yakti ingkang wekasan ing saindhenging jagad punika, punapa punika giliran 50.000 taun, kados déné giliran 1000 taun ingkang kasebut ing 32: 5. Ing saboten-botenipun, punika anedahaken bilih Quran Suci boten angrujuki teori, bilih jagad saweg umur pitung èwu taun. Pangandika punika kasambetan ing dhawuh dhateng Kanjeng Nabi Suci, *mulané di sabar kalawan sabar kang éndah*; punika anedahaken bilih badhéa kados punapa kémawon suraosipun, dinten ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika wekdal ing gesang sapunika punika.

يُّبَصَّرُوْنَهُمْ ۗ يَوَدُّ الْمُجْرِمُ لَوْ يَفْتَدِيْ مِنْ عَذَابِ يَوْمِىِٕذٍۢ بِبَنِيْهِۙ ﴿١١﴾

11 (Sanajan) padha diweruhaké (siji marang sijiné). Wong kang dosa adreng arep anebusi siksa ing dina iku kalawan anak-anaké.

وَصَاحِبَتِهٖ وَاَخِيْهِۙ ﴿١٢﴾

12 Sarta rabiné tuwin saduluré.

وَفَصِيْلَتِهِ الَّتِيْ تُـْٔوِيْهِۙ ﴿١٣﴾

13 Apa déné sanak kerabaté kang angayomi dhèwèké.

وَمَنْ فِى الْاَرْضِ جَمِيْعًاۙ ثُمَّ يُنْجِيْهِۙ ﴿١٤﴾

14 Lan sakabèhé kang padha ana ing bumi; tumuli (pangarep-arepé, supaya) iki bisa nyalametaké dhèwèké.

كَلَّا ۗاِنَّهَا لَظٰىۙ ﴿١٥﴾

15 Ora pisan-pisan! sayekti, iku geni mulad-mulad:

نَزَّاعَةً لِّلشَّوٰىۚ ﴿١٦﴾

16 Anglonyom ing sirah,

تَدْعُوْا مَنْ اَدْبَرَ وَتَوَلّٰىۙ ﴿١٧﴾

Ut. *narik* — 17 *Anguwuh-bali* wong kang ambalik lan maléngos,

وَجَمَعَ فَاَوْعٰى ﴿١٨﴾

18 Sarta anumpuk-numpuk sarta anyinggahaké (bandha)

اِنَّ الْاِنْسَانَ خُلِقَ هَلُوْعًاۙ ﴿١٩﴾

Ut. *ora sumèlèh* — 19 Sayekti, manusa iku tinitah sarwa *angéwohaké*;

اِذَا مَسَّهُ الشَّرُّ جَزُوْعًاۙ ﴿٢٠﴾

20 Samangsa kataman kojur, ngresula,

وَّاِذَا مَسَّهُ الْخَيْرُ مَنُوْعًاۙ ﴿٢١﴾

21 Lan samangsa katekan begja, cethil,

اِلَّا الْمُصَلِّيْنَۙ ﴿٢٢﴾

22 Kajaba wong kang padha salat,

الَّذِيْنَ هُمْ عَلٰى صَلَاتِهِمْ دَاۤىِٕمُوْنَۖ ﴿٢٣﴾

23 Kang tetep olèhé padha salat,

وَالَّذِيْنَ فِيْٓ اَمْوَالِهِمْ حَقٌّ مَّعْلُوْمٌۖ ﴿٢٤﴾

24 Sarta kang ing sajroning bandhané ana sapérangan kang *tartamtu*,

Ar. *kinaweruhan*

لِّلسَّآئِلِ وَالْمَحْرُوْمِ ﴿٢٥﴾

a. 2349 25 Tumrap para kang anjajaluk sarta wong kang kesrakat,[a]

وَالَّذِيْنَ يُصَدِّقُوْنَ بِيَوْمِ الدِّيْنِ ﴿٢٦﴾

26 Apa déné para kang padha anemenaké marang dina wawales,

وَالَّذِيْنَ هُمْ مِّنْ عَذَابِ رَبِّهِمْ مُّشْفِقُوْنَ ﴿٢٧﴾

27 Tuwin kang padha wedi marang siksaning Pangérané –

إِنَّ عَذَابَ رَبِّهِمْ غَيْرُ مَأْمُوْنٍ ﴿٢٨﴾

28 Sayekti siksaning Pangérané iku dudu (barang) kang kudu rinasa aman –

وَالَّذِيْنَ هُمْ لِفُرُوْجِهِمْ حٰفِظُوْنَ ﴿٢٩﴾

29 Sarta kang padha angreksa
b. 1714 marang awak-kawiranganè,[b]

إِلَّا عَلٰٓى أَزْوَاجِهِمْ أَوْ مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُمْ فَإِنَّهُمْ غَيْرُ مَلُوْمِيْنَ ﴿٣٠﴾

30 Kajaba tumrap marang rabiné utawa kang kadarbé ing tangan-
c. 1715 tengené[c] – amarga, sayekti, iki ora cinacad.

فَمَنِ ابْتَغٰى وَرَآءَ ذٰلِكَ فَأُولٰٓئِكَ هُمُ الْعٰدُوْنَ ﴿٣١﴾

31 Ananging sapa sing ngupaya sajabané iku, lah iku wong kang mlangkah wates.

وَالَّذِيْنَ هُمْ لِأَمٰنٰتِهِمْ وَعَهْدِهِمْ رٰعُوْنَ ﴿٣٢﴾

32 Sarta kang padha anjaga marang titipan tuwin janjiné.

وَالَّذِيْنَ هُمْ بِشَهٰدٰتِهِمْ قَآئِمُوْنَ ﴿٣٣﴾

33 Apa déné kang padha jejeg pasaksiné,

وَالَّذِيْنَ هُمْ عَلٰى صَلَاتِهِمْ يُحَافِظُوْنَ ﴿٣٤﴾

34 Sarta kang padha rumeksa marang salaté,

أُولٰٓئِكَ فِيْ جَنّٰتٍ مُّكْرَمُوْنَ ﴿٣٥﴾

35 Yaiku kang bakal padha ana ing patamanan, kinurmatan.

RUKU' 2

Umat énggal badhé dipun degaken

36-39. Dhumawahipun asor para mengsah. 40-41. Umat ingkang langkung saé badhé dipun degaken. 42-44. Dhatenging siksa.

فَمَالِ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا قِبَلَكَ مُهْطِعِيْنَ ﴿٣٦﴾

36 Nanging apa ta karanané, déné para kafir padha gagancangan mara angadhep sira,

37 Ing sisih tengen lan ing sisih kiwa, apanthan-panthan?

عَنِ الْيَمِينِ وَعَنِ الشِّمَالِ عِزِينَ ٣٧

38 Apa dhèwèké iku siji-sijiné padha kepéngin dilebokaké ing taman-kabegjan?

أَيَطْمَعُ كُلُّ امْرِئٍ مِّنْهُمْ أَن يُدْخَلَ جَنَّةَ نَعِيمٍ ٣٨

39 Ora pisan-pisan! sayekti Ingsun andadèkaké dhèwèké saka barang kang dhèwèké padha weruh.

كَلَّا ۖ إِنَّا خَلَقْنَاهُم مِّمَّا يَعْلَمُونَ ٣٩

40 Nanging, sayekti, Ingsun sumpah kalawan Pangéraning Wétan lan Kulon, sayekti Ingsun iki temen kawasa.

فَلَا أُقْسِمُ بِرَبِّ الْمَشَارِقِ وَالْمَغَارِبِ إِنَّا لَقَادِرُونَ ٤٠

41 Anyalini (kalawan liyané) kang luwih becik tinimbang dhèwèké, lan ora bakal Ingsun kalindhih.[2567]

عَلَىٰ أَن نُّبَدِّلَ خَيْرًا مِّنْهُمْ وَمَا نَحْنُ بِمَسْبُوقِينَ ٤١

42 Mulané togna baé, karebèn padha guneman lalawora sarta abungah-bungah, nganti *tumeka* dinané kang diancamaké marang dhèwèké;

Ar. *dhèwèké padha katemu karo*

فَذَرْهُمْ يَخُوضُوا وَيَلْعَبُوا حَتَّىٰ يُلَاقُوا يَوْمَهُمُ الَّذِي يُوعَدُونَ ٤٢

43 Dinané dhèwèké padha metu saka ing kuburan kalawan gagancangan, kaya déné amlayoni *kang tinuju*,

Ut. *pathok tetenger*

يَوْمَ يَخْرُجُونَ مِنَ الْأَجْدَاثِ سِرَاعًا كَأَنَّهُمْ إِلَىٰ نُصُبٍ يُوفِضُونَ ٤٣

44 Kalawan tumungkul pandelengé; nistha bakal tumiba marang dhèwèké; mangkono iku dinané, sing diancamaké marang dhèwèké.[2568]

خَاشِعَةً أَبْصَارُهُمْ تَرْهَقُهُمْ ذِلَّةٌ ۚ ذَٰلِكَ الْيَوْمُ الَّذِي كَانُوا يُوعَدُونَ ٤٤

2567. Kula aturi mèngeti piweca ingkang terang gamblang punika; panguwaosipun titiyang Makkah badhé sinapu tapis, umat sanès (titiyang Muslimin) badhé dipun dadosaken ingkang nyepeng panguwaosipun nagari minangka gegentosipun.

2568. Boten kirang cetha gagambaran ing dhawuh punika; inggih punika gagambaran ingkang nyitra kawonipun ingkang wekasan titiyang Quraisy nalika bedhahipun nagari Makkah. Griya-griyanipun kawarna wonten ing dhawuh ngriki kadi déné pakuburan, awit para titiyang wau menggah ing ruhaniyahipun pancèn tiyang pejah.

(ركوعاتها ٢) سُورَةُ نُوحٍ مَكِّيَّةٌ (٧١) (اٰياتها ٢٨)

SURAT 71

NÛH

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 28 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kanjeng Nabi Nuh mumulang.
Ruku' 2. Panyuwunipun Kanjeng Nabi Nuh murih leburipun para nerak garis.

Katerangan gerban

Pangancam siksa ingkang kasebutaken wonten ing surat sampun, wonten ing ngriki dipun sambeti tuladhanipun. Sagemblengipun surat punika dipun anggé marsitakaken piwulangipun Kanjeng Nabi Nuh – ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika tuwin panyuwunipun Kanjeng Nabi Nuh supados para murang-yekti katumpes murih awon boten angrembaka ing bumi. Kalih bab punika kawarsitakaen dados kalih ruku, déné bab titimangsaning tumurunipun, surat punika kénging kagolongaken kaliyan golonganipun surat-surat panunggalanipun.

RUKU' 1

Kanjeng Nabi Nuh mumulang

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
1 Sayekti Ingsun wus angutus Nuh marang kaumé, pangandika (Ningsun): Pépélingana kaumira, ing sadurungé siksa kang nglarani tumeka marang dhèwèké.	إِنَّآ أَرْسَلْنَا نُوحًا إِلٰى قَوْمِهٖٓ أَنْ أَنْذِرْ قَوْمَكَ مِنْ قَبْلِ أَنْ يَّأْتِيَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ①
2 Calathua: É, kaumku! sayekti aku iki juru-pépéling kang cetha marang kowé:	قَالَ يٰقَوْمِ إِنِّيْ لَكُمْ نَذِيرٌ مُّبِينٌ ②
3 Supaya kowé padha ngawulaa ing Allah sarta di tuhu-tuhu ing (wajibmu marang) Panjenengané sarta ambangun-turuta marang aku:	أَنِ اعْبُدُوا اللّٰهَ وَاتَّقُوهُ وَأَطِيعُونِ ③
4 Panjenengané bakal aparing pangapura satengah saka kaluputanmu, sarta aparing sumené ma-	يَغْفِرْ لَكُمْ مِّنْ ذُنُوبِكُمْ وَيُؤَخِّرْكُمْ

rang sira tumeka wawangen kang wus tinamtu; sayekti wawangening Allah iku samangsa wis tumeka, ora bakal disumenèkaké: yèn ta kowé padha weruha:

إِلَىٰٓ أَجَلٍ مُّسَمًّى ۚ إِنَّ أَجَلَ اللَّهِ إِذَا جَآءَ لَا يُؤَخَّرُ ۖ لَوْ كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٤﴾

5 Unjuké: Dhuh Pangéran kawula! saèstu rinten sarta dalu anggèn kawula anguwuh ing kaum kawula:

قَالَ رَبِّ إِنِّي دَعَوْتُ قَوْمِي لَيْلًا وَنَهَارًا ﴿٥﴾

6 Ananging panguwuh kawula malah namung angindhakaken mlajengipun:[2569]

فَلَمْ يَزِدْهُمْ دُعَآءِيٓ إِلَّا فِرَارًا ﴿٦﴾

7 Sarta saben-saben kawula anguwuh piyambakipun, supados Tuwan paringi pangapunten, sami anyumpelaken darijinipun ing kupingipun sarta angrukubaken panganggènipun[2570] tuwin sami ambeguguk sarta sami kamalungkung kalayan gumedhé:

وَإِنِّي كُلَّمَا دَعَوْتُهُمْ لِتَغْفِرَ لَهُمْ جَعَلُوٓا أَصَٰبِعَهُمْ فِيٓ ءَاذَانِهِمْ وَاسْتَغْشَوْا ثِيَابَهُمْ وَأَصَرُّوا وَاسْتَكْبَرُوا اسْتِكْبَارًا ﴿٧﴾

2569. Suraosipun ingkang sajatos makaten: *saya sanget anggèn kawula anguwuh piyambakipun, boten saya celak nanging malah soyo tebih*. Ing dhawuh ngriki "panguwuh" kadamel jejer, nanging boten kok anggènipun sami anggeblas (nebih) wau margi wontenipun panguwuh wau, wangsul margi saking anggènipun ambeguguk ngutha waton manahipun. Saminipun kados déné sawenèh surating Quran kapangandikakaken manawi "amewahi jejember" dhateng jejembering tiyang ingkang manahipun wonten sasakitipun (9 : 125). Ing panggènan sanès wonten malih ingkang nunggil suraos kaliyan punika wau, inggih punika kapangandikakaken Allah *mewahi* sasakit dhateng tiyang ingkang manahipun wonten sasakitipun (2 : 10). Ing dalem ukara ingkang kados makaten wau sadaya, jejer punika boten kok sayektos ingkang nindakakaken pandamel utawi ingkang nyababaken, wangsul menggah ing sajatosipun namung wonten magepokanipun sakedhik kaliyan kadadosanipun prakawis. Katrangan makaten punika kateranganipun Quran piyambak wonten ing dhawuh sambetipun ayat punika, inggih punika "Saben-saben kawula anguwuh piyambakipun, supados Tuwan paringi pangapunten, sami anyumpelaken darijinipun ing kupingipun sarta angrukubaken panganggènipun tuwin sami ambeguguk sarta sami kumalungkung kaliyan gumedhé." Dados sadaya tindak ingkang anjalari anggènipun *saya anggeblas*, punika boten wonten sanès kajawi pandamelipun piyambak ingkang pancèn katemaha katindakaken.

2570. Ukara استغشوا ثيابهم punika warni-warni kateranganipun. Rgh suka katrangan warni kalih. Sapisan, "piyambakipun sami masang *panganggénipun kanggé nutupi kupingipun; punika anedahaken anggènipun boten sami purun mirengaken."* Katrangan satunggalipun, "ngibarat, wigatos *nyasmitakaken anggeblas*"; minangka tuladha Rgh nyebutaken ukara شمر ذيله tuwin ألقى ثوبه sarta sasampunipun negesi tegesipun wantah panjenenganipun lajeng mewahi katrangan, *supados piyambakipun boten saged ningali tuwin boten saged mirengaken* (LL). Sawenèh negesi tembung *tsiyâb* punika manah, kados déné dhawuh ing 74: 4, déné suraosipun: para titiyang wau sami nutupi manahipun. Liripun sami suthik manah-manah sabarang ingkang kadhawuhaken.

8 Saèstu, lajeng sami kawula uwuh kalayan sora:

ثُمَّ إِنِّي دَعَوْتُهُمْ جِهَارًا ﴿٨﴾

9 Saèstu, kawula lajeng micanteni piyambakipun kalayan ngedhèng sarta micanteni piyambakipun wonten ing pasepèn:

ثُمَّ إِنِّي أَعْلَنْتُ لَهُمْ وَأَسْرَرْتُ لَهُمْ إِسْرَارًا ﴿٩﴾

10 Sarta kula wicanten: Padha nyuwuna pangapura Pangéranmu: sayekti Panjenengané iku Mahaparamarta:

فَقُلْتُ اسْتَغْفِرُوا رَبَّكُمْ إِنَّهُ كَانَ غَفَّارًا ﴿١٠﴾

11 Panjenengané angutus mendhung marang dhuwurmu anurunaké udan deres:

يُرْسِلِ السَّمَاءَ عَلَيْكُمْ مِدْرَارًا ﴿١١﴾

12 Sarta aparing pitulung marang kowé kalawan bandha lan anak apa déné adamel patamanan tumrap marang kowé sarta adamel kali-kali tumrap marang kowé.[2571]

وَيُمْدِدْكُمْ بِأَمْوَالٍ وَبَنِينَ وَيَجْعَلْ لَكُمْ جَنَّاتٍ وَيَجْعَلْ لَكُمْ أَنْهَارًا ﴿١٢﴾

Ut. *ora padha wedi marang kahagunganing Allah*

13 Apa karanané, déné kowé *ora padha angarep-arep kahagungan saka ing Allah*?[2572]

مَا لَكُمْ لَا تَرْجُونَ لِلَّهِ وَقَارًا ﴿١٣﴾

Ut. *ing dalem pirang-pirang kahanan*

14 Lan sayekti, Panjenengané wus anitahaké sira *kalawan angambah pirang-pirang tataran*.[2573]

وَقَدْ خَلَقَكُمْ أَطْوَارًا ﴿١٤﴾

2571. Piyambakipun sami dipun janjèni badhé pinaringan nugraha warni-warni, manawi sami purun wangsul dhateng Allah. Punika menggah ing sajatos-jatosipun ateges: leburipun badhé tinulak boten saèstu kadhawahaken. Awit sampun boten wonten semang-semangipun malih, samangsa umat punika manggung among suka wonten ing dalem piawon, boten kénging boten mesthi linebur. Kosokwangsulipun umat wau mesthi subur makmur, manawi sifat-sifatipun ingkang saé gesang angrembaka.

2572. Dhawuh punika kénging kasuraos tutugipun pamedhar wangsitipun Kanjeng Nabi Nuh utawi inggih kénging kasuraos dhawuh tumuju dhateng para titiyang Quraisy. Nadyan kasuraos dados tutuging piwulangipun Kanjeng Nabi Nuh, meksa mengku suraos: titiyang Makkah kaparingan kupiya wonten ing cariyosipun Kanjeng Nabi Nuh, manawi sami purun andhèrèk ing Kanjeng Nabi, piyambakipun mesthi badhé dipun dadosaken umat ingkang ageng. Rz angrujuki kateranganipun Kf, kados déné ingkang kula anggé punika, sarta angemohi katerangan satunggalipun, kados déné ingkang kula serat wonten ing margin. Kf nerangaken: "Suraosipun: Généa sira ora tansah ngarep-ngarep marang Allah murih sira didadèkaké gedhé?

2573. Dhawuh punika kénging kasuraos nyasmitakaken *madhhabu-l-irtiqa'* (*theory of evolotion*, inggih punika teori ingkang mastani bilih dumadosing manusa punika majeng-majeng saking sakedhik). Para mufassirin limrahipun nyuraos dhawuh punika ngisarahi dhateng kawontenan warni-warni ingkang dipun alami déning jabang bayi ing guwagarba nanging inggih kongang kémawon

15 Apa sira ora andeleng, kapriyé anggoné Allah wus anitahaké langit pitu *padha*,[a]

أَلَمْ تَرَوْا كَيْفَ خَلَقَ اللَّهُ سَبْعَ سَمٰوٰتٍ طِبَاقًا ﴿١٥﴾

[a] Ut. *sungsun-sungsun* a. 46, 2516

16 Sarta ana ing jeroné kono agawé rembulan dadi papadhang lan agawé srengéngé dadi diyan?

وَّجَعَلَ الْقَمَرَ فِيهِنَّ نُورًا وَّجَعَلَ الشَّمْسَ سِرَاجًا ﴿١٦﴾

17 Lan Allah wus anuwuhaké sira saka bumi kaya tuwuhan,[2574]

وَاللَّهُ أَنْبَتَكُمْ مِّنَ الْأَرْضِ نَبَاتًا ﴿١٧﴾

18 Banjur ambalèkaké sira mrono, sarta angetokaké sira dadi *titah* (anyar).[2575]

ثُمَّ يُعِيدُكُمْ فِيهَا وَيُخْرِجُكُمْ إِخْرَاجًا ﴿١٨﴾

Ut. *kang lahir*

19 Lan Allah andadèkaké bumi jembar gumelar tumrap marang sira,

وَاللَّهُ جَعَلَ لَكُمُ الْأَرْضَ بِسَاطًا ﴿١٩﴾

20 Supaya ana ing kono sira bisa lumaku ana ing dadalan kang amba.[2576]

لِّتَسْلُكُوا مِنْهَا سُبُلًا فِجَاجًا ﴿٢٠﴾

RUKU' 2

Panyuwunipun Nabi Nuh amrih lebur para nerak garis

21 Nuh munjuk: Pangéran kawula! saèstu, piyambakipun sami andaga dhateng kawula, sarta manut

قَالَ نُوحٌ رَّبِّ إِنَّهُمْ عَصَوْنِي وَاتَّبَعُوا

dhawuh punika mengku teges, bilih manusa punika ngantos dumugi ing kawontenanipun ing sapunika punika, menggah ing kasampurnaning jasmaninipun sasampunipun ngalami kawontenan warni-warni.

2574. Lah, kapèngetana malih punika. Katerangaken, manusa punika kathukulaken saking siti kadi déné thuthukulan liripun kalayan tumuwuh majeng-majeng. Dalasan tumitahipun barang barang sanès, kados déné ingkang kita alami ing sadinten-dinten, punika inggih kados makaten punika kawontenanipun. Tanem tuwuh thukul saking siti; saking tanem tuwuh punika manusa angsal tedha; saking tetedhan ingkang katedha ing manusa lajeng tuwuh wijining gesang; lah punika tumuwuh majeng-majeng ing salajengipun. Nanging ingkang langkung kathah èmperipun, thukul ing ngriki, tuwin "tataran" ingkang kapangandikakaken ing ayat 14 punika kamajengan tumuwuh ingkang dipun alami déning manusa ngantos dados sampurna jasmaninipun kados kawontenanipun ing tataran samangké punika.

2575 Lahiran énggal punika saged mengku teges jumedhulipun umat énggal ing sasampuning sirnanipun umat ingkang rumiyin, utawi inggih saged mengku teges kamajengan ruhani énggal ing gesang sasampuning pejah

2576. *Margi wiyar* ingkang dipun anggé gesangipun manusa wonten ing bumi, punika dados pratandha ing wontenipun margi ruhani, ingkang dipun ambah ing tiyang ingkang ajrih ing Pangéran kanggé anggayuh kasampurnan ruhani.

مَنْ لَّمْ يَزِدْهُ مَالُهٗ وَوَلَدُهٗٓ اِلَّا خَسَارًا ﴿٢١﴾

dhateng tiyang ingkang bandhanipun tuwin anak-anakipun boten ngindhaki punapa-punapa dhateng awakipun kajawi kapitunan.

وَمَكَرُوْا مَكْرًا كُبَّارًا ﴿٢٢﴾

22 Sarta piyambakipun sami angrancang paéka ingkang sanget ageng.

وَقَالُوْا لَا تَذَرُنَّ اٰلِهَتَكُمْ وَلَا تَذَرُنَّ وَدًّا وَّلَا سُوَاعًا ۙ وَّلَا يَغُوْثَ وَيَعُوْقَ وَنَسْرًا ﴿٢٣﴾

23 Kaliyan wicantenipun: Aja pisan padha ninggal sesembahanmu, sarta aja aninggal Wadd lan Suwa', apa déné Yaguts sarta Ya'uq tuwin Nasr.[2577]

2577. Boten wonten kritik ingkang langkung anèh ngungkuli kritik dhateng sawenèh nama-namanipun tiyang utawi brahala, ingkang kasebut wonten ing Quran Suci. Sajakipun mokal sèwu mokal, manawi nama-nama ingkang wonten nalika jamanipun Kanjeng Nabi Suci, punika inggih nama-nama ingkang wonten nalika jaman tiga utawi sekawan èwu taun ing sadèrèngipun. Dupèh bangsa Arab gadhah brahala-brahala sawatawis ingkang dipun namakaken mawi nama-nama wau, lajeng winastan cawuh anggènipun anggancaraken lalampahan, manawi mastani bilih brahala-brahala wau nunggil nama kaliyan brahala-brahalaning umatipun Kanjeng Nabi Nuh. Nanging punapa watonipun mastani cawuh wau? Cobi kula aturi mirsani bangsa utawi umat manembah brahala sanèsipun upaminipun kémawon titiyang agami Hindu; ing ngriku kula sami mesthi badhé mrangguli brahala-brahala, ingkang namanipun sampun pinten-pinten èwu taun ajeg boten santun-santun. Mangka nagari Hindustan makaten dununging papan satunggal kaliyan satunggalipun langkung tebih, manawi katimbang lan tanah Arab kaliyan papan ingkang dipun dunungi umatipun Kanjeng Nabi Nuh. Langkung-langkung wonten pratandha sanès-sanèsipun ingkang kénging kita pitados, ingkang anedahaken bilih brahala-brahala Arab punika ingkang kathah asal saking nagari ngamonca. Kadosta Hubal, tutungguling brahala Arab ingkang wonten ing Ka'bah, "punika bektan saking Belkah ing tanah Siriyah, kabekta dhateng tanah Arab déning 'Amr bin Lohay, cariyosipun supados ngawontenaken jawah samangsa bangsa Arab ambetahaken jawah." Kacariyos brahala Usâf tuwin brahala Nâilah punika ugi bektan saking Siriyah (Sale's Preliminary Discourse, sec. 1). Awit saking punika boten anèh manawi brahala brahalanipun bangsa Arab punika pendhetan saking sawenèh bangsa-bangsa ing jaman kina. Nanging ugi kedah dipun èngeti, bilih ayat 22-25 punika saged ugi *parenthetical*, tegesipun ukara ingkang nyelip bawa piyambak, kados déné ayat 13-20: déné ingkang katuju ing dhawuh inggih punika para manembah brahala Arab. Quran asring ngagem cara makaten punika manawi mangandikani utawi memèngeti para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, inggih punika kaselipaken wonten ing tengah-tengahipun andharan cariyosipun satunggaling nabi ing kina utawi umat ing kina. Paham makaten punika wonten mathisipun, manawi kalaras kaliyan ayat 21, tuwin 26 punika sami binukanan kalayan pangandika *Nûh calathu*. Namung wonten pakèwedipun sakedhik, inggih punika ayat 25 mangandikakaken: kelem. Nanging siksa punapa kémawon ingkang nglebur ing satunggaling umat, punika kénging winastan *garq* (wantahipun *kelem*) kados déné ukara غرق في البلاد jawinipun *ambles tuwin ical wonten ing nagari* utawi *pasitèn* (TA-LL). Makaten ugi ukara اغرق اعماله jawinipun *nglebur pandamelipun* (sarana nindakaken awon) (TA). Déné fi'il madli (tembung kriya ingkang nedahaken wekdal ingkang sampun kapengker), kagem wonten ing ayat wau, punika inggih sampun satrepipun, jalaran ing dalem piweca pancèn asring kagem, inggih punika kanggé anedahaken bilih kawontenan ingkang kawecakaken punika sampun yakin mesthi badhé kelampahan.

Brahala Wadd punika sinembah kalayan kawujudaken pepethanipun satunggaling tiyang jaler, Suwâ' awujud tiyang èstri, Yaguts awujud singabarong (leo), Ya'uq awujud kapal (jaran), tuwin Nasr awujud peksi garudha (Rz), sarta punika dipun pundhi-pundhi déning titiyang pancer Kalb, Hamdan, Mazhaj, Murad, tuwin Hamjar (Rz, manawi manut AH Hudhail sanès Hamdan).

Ut. *sasar*

24 Lan temen, dhèwèké wis nasaraké wong akèh sarta ora angundhakaké apa-apa marang wong atindak dudu kajaba mung *karusakan*.[2578]

وَقَدْ أَضَلُّوا كَثِيرًا ۖ وَلَا تَزِدِ الظَّالِمِينَ إِلَّا ضَلَالًا ﴿٢٤﴾

25 Amarga saka kaluputané dhèwèké padha dikelem, banjur dilebokaké ing geni; lan tumrap dhèwèké ora pisan ana panulung saliyané Allah.

مِمَّا خَطِيئَاتِهِمْ أُغْرِقُوا فَأُدْخِلُوا نَارًا فَلَمْ يَجِدُوا لَهُمْ مِنْ دُونِ اللَّهِ أَنْصَارًا ﴿٢٥﴾

26 Lah Nuh munjuk: Pangéran kawula! mugi sampun ngantos wonten titiyang kafir ingkang manggèn ing bumi ngriki:[2579]

وَقَالَ نُوحٌ رَبِّ لَا تَذَرْ عَلَى الْأَرْضِ مِنَ الْكَافِرِينَ دَيَّارًا ﴿٢٦﴾

27 Amargi, manawi piyambakipun Tuwan-togaken kémawon, badhé nasaraken para kawula-Tuwan sarta boten sanès kajawi namung badhé anglairaken (anak) ingkang murang tata tuwin boten sumerep ing panarimah:

إِنَّكَ إِنْ تَذَرْهُمْ يُضِلُّوا عِبَادَكَ وَلَا يَلِدُوا إِلَّا فَاجِرًا كَفَّارًا ﴿٢٧﴾

28 Pangéran kawula! mugi aparing pangapunten dhateng kawula saha dhateng tiyang sepuh kawula tuwin dhateng tiyang ingkang lumebet ing griya kawula kalayan mukmin, punapa déné dhateng para mukmin jaler tuwin mukmin èstri; saha para atindak dédé mugi sampun Tuwan indhaki punapa-punapa kajawi karisakan.

رَبِّ اغْفِرْ لِي وَلِوَالِدَيَّ وَلِمَنْ دَخَلَ بَيْتِيَ مُؤْمِنًا وَلِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ ۖ وَلَا تَزِدِ الظَّالِمِينَ إِلَّا تَبَارًا ﴿٢٨﴾

2578. Warni-warni para saged anggènipun anjarwani tembung *dlalâl*. Kf negesi *khudhlân* jawinipun *linirwakaen déning Allah,* utawi *hilâk,* jawinipun *kapitunan tuwin karisakan*; teges ingkang angka kalih punika dipun kiyataken déning ayat-ayat ing wekasaning surat punika. Ibnu Bahr negesi *'adhâb*, jawinipun siksa, kados déné pangandika ing فِي ضَلَالٍ وَسُعُرٍ ingkang kasebut ing 54:24 tuwin 47. Ngulami sanès malih negesi *pituna,* sanèsipun malih negesi *sasar wonten ing dalem upayanipun* (AH). Tembung *dlalâl* dipun tegesi *karisakan* punika ugi wonten waton-watonipun saking kitab bausastra (S, Q-LL).

2579. Kedah dipun pèngeti bilih ingkang dipun pangandikakaken déning Kanjeng Nabi Nuh punika umatipun piyambak. Sarta ingkang dipun dongakaken awon punika inggih namung umatipun piyambak. Pratélan tuwin panyuwunipun Kanjeng Nabi punika sadaya tumuju dhateng umatipun wau, boten dhateng saindhenging jagad. Dados tembung *al-ardl* punika mengku teges *nagari* ingkang dipun dunungi umat wau, boten ateges *bumi*.

اٰيَاتُهَا ٢٨ (٧٢) سُوْرَةُ الْجِنِّ مَكِّيَّةٌ رُكُوْعَاتُهَا ٢

SURAT 72

AL-JINN

(*Jin*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 28 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Titiyang mukmin manca.
Ruku' 2. Wahyuning Pangéran Kareksa.

Katerangan gerban

Surat punika mangandikakaken pangayoman ingkang kaparingaken dhateng para andika nabi lumawan mengsah-mengsahipun. Bab prakawis punika, ingkang kasasmitakaken wonten ing ayat 8 ing ruku' ingkang sapisan, kacethakaken malih wonten ing ruku' ingkang kaping kalih. Déné namanipun punika pipiridan saking ayat 1, ingkang nyebutaken sawenèh para ingkang sami angèstu dhateng kayektènipun Kanjeng Nabi, ingkang kasebut *jinn.*

Déné tumurunipun surat punika limrahipun dipun wastani nalika jamanipun Kanjeng Nabi wangsul saking Thaif, ingkang kelampahan nalika kalih taun sadèrèngipun hijrah, dados surat punika kagolong ing jaman nalika ndados-ndadosipun panglawan. Bagéndha Abu Thalib tuwin Siti Khadijah sampun sami séda; Kanjeng Nabi lan titiyang trah Hasyim tuwin trah Abdul Mutthalib kasébrataken; para mukminin sami lumajeng dhateng nagari Habasyah, ingkang sami kantun sami dipun kaniaya sakalangkung sanget; para titiyang Quraisy babar pisan boten purun anggapé sawernining piwulang tuwin pèpènget wasana tindakipun Kanjeng Nabi dhateng Thaif boten ngangsalaken damel punapa-punapa kajawi namung malah saya amewahi tuwuhipun kawontenan-kawontenan ingkang tumrap tiyang limrah boten kénging boten mesthi murugaken nglokro, katelasan pangajeng-ajeng. Ing salebeting ngalami kawontenan ingkang makaten punika, dhawuh ingkang saged paring kayakinan dipun betahaken sanget, sarta dhawuh ingkang paring kayakinan wau, tur ingkang kalayan cumeplos sanget, punika nyata kaparingaken saèstu, inggih ing surat punika. Nanging kajawi dhawuh ingkang ngyakinaken wau surat punika ugi andhawuhaken bilih wonten malih para angèstu sanèsipun, dados manawi bangsa Arab puguh ing dalem kakafiran, Islam angsal kamenangan ruhani sanès, ingkang sampun genah manawi punika dados cacala tumrap kamenanganipun Islam ingkang sakalangkung jembar wonten ing sajawinipun tanah Arab.

RUKU' 1

Titiyang mukmin manca

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Calathua: Wewedhar-sabda wus diparingaké marang aku, yèn ana sapantha jin[2580] angrungokaké,

قُلْ اُوْحِيَ اِلَيَّ اَنَّهُ اسْتَمَعَ نَفَرٌ مِّنَ

2580. Bab prakawis wontenipun *jinn*, utawi titah bangsa alus kadi déné *malaikat* (jinn punika titah

lan padha calathu: Temen aku wus padha ngrungu Quran, kang angé-ram-éramaké,

الْجِنِّ فَقَالُوٓا إِنَّا سَمِعْنَا قُرْءَانًا عَجَبًا ۝١

2 (Kang) nuntun marang dadalan bener, mulané, iku dakèstokaké sarta aku padha ora nyakuthokaké sawiji-sawiji karo Pangéranku:

يَّهْدِيٓ إِلَى الرُّشْدِ فَـَٔامَنَّا بِهِۦ ۖ وَلَن نُّشْرِكَ بِرَبِّنَآ أَحَدًا ۝٢

3 Lan, Panjenengané iku – linuhurna kahagungané Pangéranku – ora mundhut garwa lan ora mundhut putra:

وَّأَنَّهُۥ تَعَٰلَىٰ جَدُّ رَبِّنَا مَا اتَّخَذَ صَٰحِبَةً وَّلَا وَلَدًا ۝٣

4 Sarta, kéné, kang padha cubluk, adaté padha angucapaké barang kang lacut tumrap Allah:

وَّأَنَّهُۥ كَانَ يَقُولُ سَفِيهُنَا عَلَى اللَّهِ شَطَطًا ۝٤

5 Lan, aku padha nyana, yèn manusa karo jin ora padha angucap goroh tumrap marang Allah:

وَّأَنَّا ظَنَنَّآ أَن لَّن تَقُولَ الْإِنسُ وَالْجِنُّ عَلَى اللَّهِ كَذِبًا ۝٥

---

bangsa alus awon, malaikat titah bangsa alus saé), punika prakawis sanès malih; nanging sampun terang manawi jinn ingkang kapangandikakaken wonten ngriki punika boten kagolong ing golonganing titah wau. Gogrombolaning jinn punika ugi kasebutaken wonten ing 46: 29-31, ing ngriku kasebutaken bilih sami wicanten: “O, kaumku! aku mentas angrungokake kitab, kang kadhawuhaké ing sapungkuré Musa, ambeneraké apa kang ana sangarepé.” Punika anedahaken bilih para jinn wau para titiyang Yahudi. Para mufassirin sami nyebutaken satunggaling hadits ingkang asuraos makaten wau. Rz ngandikakaken: “dipun riwayataken bilih titiyang punika para titiyang Yahudi.” Malih Rz ngandharaken satunggaling riwayat déning IMsd, pangandikanipun bilih *panjenenganipun midhanget para jinn wau sami nabuh trebang-trebangipun.* يقرعون في دفوفهم كما تقرع النساء في دفوفها sarta panjenenganipun pirsa para jin wau sami rumeksa Kanjeng Nabi Suci wonten ing tengah-tengahipun حتى غشوه فغاب من بصري Andharan punika nedahaken bilih para jin wau ing dalem sadaya samukawisipun sami kaliyan tiyang sanès-sanèsipun. Malih, tembung jinn punika ugi kanggé nembungaken tiyang. LL methik Ham: “Bangsa Arab nyanépakaken satunggaling tiyang ingkang wegig saha prigeling prakawis warni-warni punika kados déné *jinn*.” Nanging wonten malih ingkang ngungkuli anèhipun inggih punika para ahli basa sami angakeni manawi tembung *jinn* punika ateges معظم الناس (Q, TA tuwin sanès-sanèsipun) jawinipun *manusa kathah* (LL). Lah sapunika punapa maksudipun manusa kathah punika? Tumrap bangsa Arab, inggih punika bangsa ingkang anggadhahi panganggep bilih awakipun piyambak punika béda kaliyan bangsa sanès-sanèsipun ing jagad punika, *manusa kathah punika boten* sanès ateges *bangsa ngamanca*. Pamanggih kula inggih teges punika tegesipun tembung *jinn* ing ngriki punika. Punapa sababipun déné bangsa ngamanca winastan *jinn*? Awit sami sumingid saking mripatipun tiyang Arab: tembung *jann* (ingkang lajeng karimbag dados *jinn*) punika tegesipun ingkang sakawit nyingidaken utawi nutupi (Rgh). Awit saking punika mila golonganipun titiyang Yahudi Nisibus ingkang sami sowan ing Kanjeng Nabi Suci punika wonten ing ngriki kasebut *jinn*, jalaran sanès bangsa Arab. Inggih sabab saking punika ugi déné titiyang Amalekites tuwin titiyang sanès-sanèsipun ingkang boten kagolong bongsa Bani Israil, ingkang sami kapeksa kapurih nyambut damel déning Kanjeng Nabi Sulaiman angedegaken padaleman suci, punika wonten ing 34: 32 kasebut *jinn*. Mirsanana 2027.

6 Sarta déné wong-wong saka antaraning para manusa iku gawéné padha amèk pangayoman wong-wong saka golongané jin, mulané padha diundhaki *bodhoné*:

وَّ اَنَّهٗ كَانَ رِجَالٌ مِّنَ الْاِنْسِ يَعُوْذُوْنَ بِرِجَالٍ مِّنَ الْجِنِّ فَزَادُوْهُمْ رَهَقًا ﴿٦﴾

Ut. *olèh atindak salah*

7 Sarta déné dhèwèké padha nyana kaya panyanamu, yèn Allah iku ora bakal anangèkaké wong siji-sijia:[2581]

وَّ اَنَّهُمْ ظَنُّوْا كَمَا ظَنَنْتُمْ اَنْ لَّنْ يَّبْعَثَ اللّٰهُ اَحَدًا ﴿٧﴾

8 Lan, déné aku padha arep angunggahi langit,[2582] ananging ing kono tinemu kebak pangawal[a] kang kuwat sarta *urub*:[b]

وَّ اَنَّا لَمَسْنَا السَّمَآءَ فَوَجَدْنٰهَا مُلِئَتْ حَرَسًا شَدِيْدًا وَّ شُهُبًا ﴿٨﴾

a. 2101 Ut. *lintang kang gumebyar*
b. 2104

9 Sarta, déné kang adat-sabené aku padha lungguh ing palungguhan-palungguhan ing kono amurih bisané rumungu, ananging saiki, sapa sing arep ngrungokaké, bakal kapethukaké urub(-ing geni) kang ngadhang dhèwèké:[c]

وَّ اَنَّا كُنَّا نَقْعُدُ مِنْهَا مَقَاعِدَ لِلسَّمْعِ ؕ فَمَنْ يَّسْتَمِعِ الْاٰنَ يَجِدْ لَهٗ شِهَابًا رَّصَدًا ﴿٩﴾

c. 2102, 2103

10 Sarta, déné aku padha ora weruh, apa ala kang dikarsakaké tumrap para kang ana ing bumi, apa Pangérané karsa anuntun ing dalan kang bener.

وَّ اَنَّا لَا نَدْرِيْۤ اَشَرٌّ اُرِيْدَ بِمَنْ فِي الْاَرْضِ اَمْ اَرَادَ بِهِمْ رَبُّهُمْ رَشَدًا ﴿١٠﴾

11 Sarta, déné sawenèhing golonganku padha wong tulus lan sawenèhé *ora mangkono*: aku iki papanthan kang padha séjé-séjé dalané:

Ut. *dudu*

وَّ اَنَّا مِنَّا الصّٰلِحُوْنَ وَ مِنَّا دُوْنَ ذٰلِكَ ؕ كُنَّا طَرَآئِقَ قِدَدًا ﴿١١﴾

12 Sarta, déné aku padha weruh, yèn aku padha ora bisa ngoncati Allah ana ing bumi, sarta ora bisa ngoncati Panjenenganè sarana mlayu:

وَّ اَنَّا ظَنَنَّاۤ اَنْ لَّنْ نُّعْجِزَ اللّٰهَ فِي الْاَرْضِ وَ لَنْ نُّعْجِزَهٗ هَرَبًا ﴿١٢﴾

2581. Punika ateges jumenengipun satunggaling nabi utawi gesangipun malih titiyang ingkang pejah ruhaniyahipun. Bangsa Yahudi wonten sagolongan ingkang boten ngandel dhateng kiyamat.

2582. *Nginggahi langit tegesipun badhé nyumerepi wados-wadosipun langit utawi pawartosipun wekdal ingkang badhé dhateng*. Punika anedahaken bilih ing antawisipun para titiyang wau wonten tukangipun pethèk tuwin titiyang ahli palintangan, inggih punika titiyang ingkang sami anggadhahi panganggep bilih piyambakipun saged nyumerepi wados-wadosipun wekdal ingkang badhé dhateng saking lintang-lintang. Mirsanana 2530.

13 Sarta, déné bareng aku padha ngrungu pituduh, iku aku padha angèstu; lan sapa sing angèstu ing Pangérané, ora bakal kuwatir kapitunan sarta ora bakal tumiba asor:

وَّاَنَّا لَمَّا سَمِعْنَا الْهُدٰٓى اٰمَنَّا بِهٖ ؕ
فَمَنْ يُّؤْمِنْۢ بِرَبِّهٖ فَلَا يَخَافُ
بَخْسًا وَّلَا رَهَقًا ۙ﴿۱۳﴾

14 Sarta, déné sawenèhing golonganku padha wong sumarah, lan sawenèhé padha wong nyimpang; lah sapa sing sumarah, iku sing nuju marang dalan kang bener:

وَّاَنَّا مِنَّا الْمُسْلِمُوْنَ وَمِنَّا الْقٰسِطُوْنَ ؕ
فَمَنْ اَسْلَمَ فَاُولٰٓئِكَ تَحَرَّوْا رَشَدًا ﴿۱۴﴾

15 Wondéné wong kang padha nyimpang, iku urub-urubing naraka:

وَاَمَّا الْقٰسِطُوْنَ فَكَانُوْا لِجَهَنَّمَ حَطَبًا ۙ﴿۱۵﴾

16 Déné, manawa dhèwèké padha tetep angambah dalan (bener), masthi bakal padha Ingsun paringi ngombé banyu sapirang-pirang,

وَّاَنْ لَّوِ اسْتَقَامُوْا عَلَى الطَّرِيْقَةِ
لَاَسْقَيْنٰهُمْ مَّآءً غَدَقًا ۙ﴿۱۶﴾

17 Minangka panyoba-Ningsun marang dhèwèké ing dalem prakara iku: lan sapa sing maléngos saka éling maring Pangérané, iku bakal dilebokaké marang siksa kang nusahaké banget:[2583]

لِّنَفْتِنَهُمْ فِيْهِ ؕ وَمَنْ يُّعْرِضْ عَنْ
ذِكْرِ رَبِّهٖ يَسْلُكْهُ عَذَابًا صَعَدًا ۙ﴿۱۷﴾

18 Lan déné masjid-masjid iku kagunganing Allah; mulané aja padha anguwuh sawiji sartané Allah:

وَّاَنَّ الْمَسٰجِدَ لِلّٰهِ فَلَا تَدْعُوْا مَعَ
اللّٰهِ اَحَدًا ۙ﴿۱۸﴾

19 Sarta, déné nalika kawulaning Allah menyat anguwuh Panjenengané, (banjur) padha prasasat ngebyuk-ngepung dhèwèké.[2584]

وَّاَنَّهٗ لَمَّا قَامَ عَبْدُ اللّٰهِ يَدْعُوْهُ
كَادُوْا يَكُوْنُوْنَ عَلَيْهِ لِبَدًا ؕ﴿۱۹﴾

RUKU' 2

Wahyuning Pangéran kareksa

2583. عَذَابًا صَعَدًا Tegesipun *ingkang wantah siksa ingkang sakalangkung nusahaken, ngantos tiyang ingkang kataman boten kiyat nandhang.*

2584. Kawulané Allah punika Kanjeng Nabi Suci Muhammad. Saged ugi dhawuh punika nyasmitakaken anggènipun Kanjeng Nabi dipun kroyok titiyang ing Thaif.

20 Calathua: Aku mung anguwuh Pangéranku, lan aku ora nyakuthokaké sawiji-wiji karo Panjenenganè.

قُلْ إِنَّمَآ أَدْعُوا رَبِّي وَلَآ أُشْرِكُ بِهِۦٓ أَحَدًا ﴿٢٠﴾

21 Calathua: Aku iki ora nguwasani kojur mujur tumrap marang kowé.

قُلْ إِنِّي لَآ أَمْلِكُ لَكُمْ ضَرًّا وَلَا رَشَدًا ﴿٢١﴾

22 Calathua: Sayekti ora ana wong kang bisa angayomi aku saka Allah, sarta saliyané Panjenenganè aku ora bakal olèh pangungsèn:

قُلْ إِنِّي لَن يُجِيرَنِي مِنَ ٱللَّهِ أَحَدٌ ۙ وَلَنْ أَجِدَ مِن دُونِهِۦ مُلْتَحَدًا ﴿٢٢﴾

23 (Iku) mung anekakaké (timbalan-timbalan) saka ing Allah sarta ayahan-É; lan sapa sing nglirwakaké Allah lan utusan-É, lah sayekti bakal olèh geni naraka,
a. 1201 manggon ana ing kono lawas.[a]

إِلَّا بَلَٰغًا مِّنَ ٱللَّهِ وَرِسَٰلَٰتِهِۦ ۚ وَمَن يَعْصِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ فَإِنَّ لَهُۥ نَارَ جَهَنَّمَ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ﴿٢٣﴾

24 Nganti samangsané padha andeleng apa kang diancamaké marang dhèwèké, banjur bakal padha weruh sapa sing panulungé luwih apes sarta luwih sathithik cacahé.[2585]

حَتَّىٰٓ إِذَا رَأَوْا مَا يُوعَدُونَ فَسَيَعْلَمُونَ مَنْ أَضْعَفُ نَاصِرًا وَأَقَلُّ عَدَدًا ﴿٢٤﴾

25 Calathua: Aku ora weruh, apa kang diancamaké marang kowé iku wis cepak, apa Pangéranku bakal namtokaké waktuné.

قُلْ إِنْ أَدْرِىٓ أَقَرِيبٌ مَّا تُوعَدُونَ أَمْ يَجْعَلُ لَهُۥ رَبِّىٓ أَمَدًا ﴿٢٥﴾

2585. Tiyang ingkang ijèn tanpa kanca tanpa kanthi, tanpa wonten ingkang mitulungi, wonten ing panggènanipun piyambak dipun emohi ing ngakathah, ing panggènan sanès dipun siya-siya (kados déné nalika Kanjeng Nabi wonten ing Thaif, nunggil jaman kaliyan tumurunipun surat punika), mesthi botenipun saged ngucapaken tetembungan ingkang kados makaten punika. Nalika nandhang kawelasasih wau Kanjeng Nabi angesokaken raosing panggalihipun wonten ing ngarsaning Pangéran Gustinipun makaten: "Dhuh Pangéran kawula! keparenga kawula amadulaken wonten ing ngarsa paduka ing bab ringkihing kakiyatan kawula tuwin asor kawula tumrap para manusa. Paduka punika Pangéranipun para titiyang ringkih, sarta paduka punika Pangéran kawula. Badhé paduka pasrahaken dhateng sinten jasad kawula punika? Punapa dhateng tanganipun titiyang sanès ingkang sami ngepang ing kawula? Punapa mengsah ingkang sampun paduka paringaken duk wonten ing griya punika badhé nguwaosi ing kawula? Kawula ngungsi wonten ing ngarsa paduka .... " (Muir). Lah, mangga punika kula aturi nandhing kaliyan wahyu ingkang dipun tampi déning Kanjeng Nabi nalika punika, ingkang anerangaken bilih mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi punika ringkih lan sakedhik cacahipun, sarta tumunten badhé dipun damel asor; lah ing ngriku tamtu badhé terang jingglang lir péndah raina, bilih sumber ingkang ngetukaken wahyunipun Kanjeng Nabi Suci punika mesthi boten wonten ing dalem

26 Ingkang-Anguningani barang tan-katon! Panjenengané ora amedharaké wawadi-Né marang sapa-sapa,

عٰلِمُ الْغَيْبِ فَلَا يُظْهِرُ عَلٰى غَيْبِهٖٓ اَحَدًا ۝٢٦

27 Kajaba marang sapa kang pinilih dadi utusan;[2586] lah sayekti Panjenengané anglampahaké pangawal ing sangarepé dhèwèké lan saburiné,

اِلَّا مَنِ ارْتَضٰى مِنْ رَّسُوْلٍ فَاِنَّهٗ يَسْلُكُ مِنْۢ بَيْنِ يَدَيْهِ وَمِنْ خَلْفِهٖ رَصَدًا ۝٢٧

28 Amurih Panjenengané angudanènana, yén dhèwèké temen anekakaké ayahaning Pangérané, lan Panjenengané iku anglimputi apa kang ana ing dhèwèké, sarta Panjenengané iku anyathet wulanganing samubarang.[2587]

لِّيَعْلَمَ اَنْ قَدْ اَبْلَغُوْا رِسٰلٰتِ رَبِّهِمْ وَاَحَاطَ بِمَا لَدَيْهِمْ وَاَحْصٰى كُلَّ شَيْءٍ عَدَدًا ۝٢٨

panggalihipun Kanjeng Nabi piyambak, jalaran manahipun tiyang satunggal mesthi boten sagedipun angedalaken raos nalangsa margi nandhang kawelasasih tuwin apes, sasarengan kaliyan raos yakin ingkang kalangkung déning sanget dhateng kamenanganipun ingkang wekasan.

2586. Para juru-pambangun ingkang kajanjèkaken dhateng kaum Muslimin badhé rawuh ing saben wiwitaning abad, punika rèhning wakiling para utusan, inggih ugi kaparingan wahyu ing bab wados-wadosipun wekdal ingkang badhé dhateng; hikmahipun, supados anjumenengakaken iman ingkang sajati wonten ing manahipun manusa, akalayan tandha-tandha yekti ingkang kagelar lumantar para juru-pambangun wau. Nanging kapèngetana bilih gaib (utawi wawados) ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika, ingkang dipun karsakaken khusus dhateng wedharing karsanipun Pangéran, ingkang wonten ing ayat candhakipun kasebut *risalah* utawi *ayahaning* Pangéran, awit punika dhawuh pangandika ingkang kawahyokaken lumantar para andika nabi. Nanging wawados ingkang kawedharaken dhateng para juru-pambangun ing dalem Islam, punika awujud piweca-piweca sanès risalah utawi ayahan, awit Quran Suci punika wedharing karsanipun Pangéran ingkang sampurna sarta sampun mengku sadaya prakawis ingkang perlu kanggé nuntun ing para manusa, dados wontenipun risalah utawi ayahan anyar sampun boten dipun betahaken. Wondéné piweca-piweca ingkang kawedharaken dhateng para Muslimin ingkang tulus, punika namung mengku maksud kanggé anetepaken kayektèning ayahan ingkang wekasan inggih punika Quran Suci.

2587. Mangga kula aturi mèngeti ceplosipun tetembunganipun wahyu punika; mangka wahyu punika tumurunipun nalika jaman Kanjeng Nabi ngalami kawontenan ingkang ngalitaken manah, kados ingkang sampun katerangaken ing 2585. Kaselak mokal manawi tetembungan makaten punika boten mijil saking Pangéran ingkang-mahakawasa. *Ayahan boten kénging boten mesthi dhumawah, Allah anglimputi sadaya barang.*

سُوْرَةُ الْمُزَّمِّلِ مَكِّيَّةٌ (٧٣)

SURAT 73

AL-MUZZAMMIL

(*Ingkang akekemul*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 20 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kanjeng Nabi kadhawuhan salat.
Ruku' 2. Salat, tiyang Islam dipun wajibaken.

Katerangan gerban

Surat punika kanamakaken mirid pratélan ingkang kasebut wonten ing ayat ingkang wiwitan piyambak, ingkang nerangaken Kanjeng Nabi: *kang akekemul.* Tegesipun ingkang warni-warni tembung wau, kapratélakaken wonten ing tafsiripun ayat wau, nanging nitik bab ingkang kawarsitakaken wonten ing surat punika dhawuh sembahayang, dados mèmperipun tembung *Muzzammil* punika ateges tiyang ingkang cacawis badhé sembahyang. Surat punika dipun bukani dhawuh dhateng Kanjeng Nabi supados sembahyang ing wanci dalu, dipun pungkasi kalayan dhawuh umum dhateng sadaya para mukmin, supados tansah sami kèmutan sembahyang. Péranganipun ingkang wingking ruku' ingkang kaping sapisan wau, dhawuh dhateng Kanjeng Nabi supados sabar nandhang panganiayaning mengsah-mengsahipun ingkang sampun mesthi tumunten badhé nampèni siksanipun ingkang satrepipun, kados déné raja Fir'aun nalika milawani Kanjeng Nabi Musa. Surat ingkang sampun punika boten namung anjanjèkaken pangayoman kémawon, nanging kados déné ingkang kacetha kalayan terang wonten ing ayat 9, Kanjeng Nabi punika kadhawuhan nyuwun pangayoman sarana tansah sembahyang.

Tumurunipun surat punika kagolong jaman Makkah wiwitan, sarta para mufassirin umumipun sami amastani bilih surat punika salah satunggaling dhawuh ingkang sepuh piyambak. Nanging pamanggih ingkang limrah mastani manawi ayat ingkang wekasan piyambak, inggih punika ruku'-ipun ingkang kaping kalih surat punika, punika tumurun-ipun ing Madinah, awit ing ngriku nyebutaken *perang ing marginipun Allah.* Mirsanana ugi 2595, ing ngriku katerangaken bilih pratélan wau saged ugi piweca, awit saking punika saged ayat wau ugi kagolong nunggil ing jaman wiwitan.

RUKU' 1

Kanjeng Nabi kadhawuhan salat

1-9. Salat ing wanci dalu punika perlu. 10-19. Mengsah (ingkang ngalang-alangi salat) dipun pèpèngeti.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ○

1 É, sira kang akekemul![2588]

يَٰٓأَيُّهَا ٱلۡمُزَّمِّلُ ①

2588. Ing ngriki Kanjeng Nabi kasebut *Muzzammil* tiyang ingkang akekemul. Katrangan ingkang limrah nerangaken sababipun Kanjeng Nabi kasebut makaten wau jalaran nalika mentas tampi wahyu

Ar. *kajaba*

2 Tangia salat ing wengi *ku-ranga ya* sathithik,

قُمِ الَّيْلَ اِلَّا قَلِيْلًا ۙ ﴿٢﴾

3 Saparoné, utawa kurangana sathithik saka samono,

نِّصْفَهٗٓ اَوِ انْقُصْ مِنْهُ قَلِيْلًا ۙ ﴿٣﴾

4 Utawa iku wuwuhana, sarta macaa Quran kalawan runtut abecik,

اَوْ زِدْ عَلَيْهِ وَرَتِّلِ الْقُرْاٰنَ تَرْتِيْلًا ؕ ﴿٤﴾

5 Sayekti Ingsun bakal an-dhawuhaké sabda antep marang sira.[2589]

اِنَّا سَنُلْقِيْ عَلَيْكَ قَوْلًا ثَقِيْلًا ﴿٥﴾

6 Sayekti, tangi bengi iku dalan kang kukuh dhéwé kanggo ngidak, sarta laku kang jejeg dhéwé kanggo ambeneraké pangucap.[2590]

اِنَّ نَاشِئَةَ الَّيْلِ هِيَ اَشَدُّ وَطْاً وَّاَقْوَمُ قِيْلًا ؕ ﴿٦﴾

7 Sayekti, sira iku ing wayah awan panyambut gawénira suwé.

اِنَّ لَكَ فِي النَّهَارِ سَبْحًا طَوِيْلًا ؕ ﴿٧﴾

8 Lan diéling marang asmaning Pangéranira sarta disumungkem marang Panjenengané kalawan tuhu-tuhu.

وَاذْكُرِ اسْمَ رَبِّكَ وَتَبَتَّلْ اِلَيْهِ تَبْتِيْلًا ؕ ﴿٨﴾

9 Pangéraning wétan lan kulon – ana sesembahan kajaba Panjene-ngané – mulané sira alapa Panjene-ngané minangka pangayoman.

رَبُّ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ لَاۤ اِلٰهَ اِلَّا هُوَ فَاتَّخِذْهُ وَكِيْلًا ﴿٩﴾

---

ingkang sapisanan, utawi mentas kajumenengaken rasul, Kanjeng Nabi ngemuli sariranipun, nanging wonten malih katranganipun ingkang warni-warni. Rgh nerangaken bilih punika tembung silihan ingkang nyanépakaken *tiyang ingkang nganggep gampil dhateng satunggaling prakawis*. Kalbi tuwin Farra nerangaken bilih tembung wau mengku teges *cacawisan badhé sembahyang* (Rz). ‘Ikramah nerangaken bilih ateges *tiyang ingkang kasangkutan ing prakawis ageng*, awit *zaml* punika tegesipun ‘*amal* (Rz). Kalayan suraosipun sadaya, langkung-langkung ingkang kasebut kantun piyambak punika, sadhéngah pandhèrèk sami dipun tuju ing dhawuh lumantar Kanjeng Nabi Suci.

2589. قَوْلًا ثَقِيْلًا utawi *sabda anteb*, punika gathukipun kaliyan tegesing tembung *muzzammil* manut anggènipun negesi Ikramah kasebut ing nginggil. Margi kasangkulan ing wajib nuntun jagad sawegung, nyata punika sabda ingkang anteb.

2590. Ing ngriki kasebutaken punapa sababipun déné ing wanci dalu kadhawuhaken anjungkung sembahyang. Inggih punika *margi sembahyang ing wekdal dalu makaten margi ingkang mitayani piyambak kanggé angidak*, inggih punika ngidak angicak-icak sawarnining awon, tuwin *lampah ingkang jejeg piyambak kanggé angleresaken pangucap*. Dados anjungkung sembahyang ing wanci dalu makaten mengku hikmah ngleresaken pandamel tuwin ngleresaken pangucap.

10 Lan disabar marang apa calathuné, sarta dhèwèké singkirana kalawan sumingkir kang pantes.

وَاصْبِرْ عَلَىٰ مَا يَقُولُونَ وَاهْجُرْهُمْ هَجْرًا جَمِيلًا ﴿١٠﴾

Ar. *lan*

11 Lan Ingsun tokna baé *mangkono uga* wong kang padha anggorohaké kang sarwa mubra-mubru sarta dhèwèké padha sumenèkna sadhéla.

وَذَرْنِي وَالْمُكَذِّبِينَ أُولِي النَّعْمَةِ وَمَهِّلْهُمْ قَلِيلًا ﴿١١﴾

12 Sayekti, Ingsun kagungan balenggu gedhé sarta geni murup,

إِنَّ لَدَيْنَا أَنكَالًا وَجَحِيمًا ﴿١٢﴾

13 Tuwin pangan kang nyereti lan siksa kang nglarani.

وَطَعَامًا ذَا غُصَّةٍ وَعَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٣﴾

14 Ing dinané bumi lan gunung-gunung gonjang-ganjing, sarta gunung-gunung dadi (kaya) undhuk-undhukan wedhi longsor.[2591]

يَوْمَ تَرْجُفُ الْأَرْضُ وَالْجِبَالُ وَكَانَتِ الْجِبَالُ كَثِيبًا مَّهِيلًا ﴿١٤﴾

15 Sayekti Ingsun wus angirimaké utusan marang sira, saksi tumrap marang sira, kaya déné anggon-Ingsun wus angirimaké utusan marang Fir'aun.[2592]

إِنَّا أَرْسَلْنَا إِلَيْكُمْ رَسُولًا شَاهِدًا عَلَيْكُمْ كَمَا أَرْسَلْنَا إِلَىٰ فِرْعَوْنَ رَسُولًا ﴿١٥﴾

16 Ananging Fir'aun ora ambangun-turut marang utusan mau, mulané dhèwèké Ingsun patrapi kalawan patrapan kang abot.

فَعَصَىٰ فِرْعَوْنُ الرَّسُولَ فَأَخَذْنَاهُ أَخْذًا وَبِيلًا ﴿١٦﴾

2591. Manawi ayat 12-14 punika dipun cundhukaken kaliyan ayat 11, ingkang andhawuhaken dhateng Kanjeng nabi supados maringi inah dhateng para andaga ing sawatawis wekdal kanggé nglajeng-nglajengaken anggènipun sami adamel wisuna, tétéla manawi ayat-ayat wau wigatos mangandikakaken kawontenan sangsara ingkang badhé dipun sandhang déning para titiyang, ingkang ing samangkénipun kaparingan inah ing sawatawis wekdal, ngraosaken kamuktèn lan kawibawanipun; lan ugi wigatos mangandikakaken, bilih rekaos ingkang mesthi kasandhang selebetipun mencaraken yakti, punika mesthi badhé sirna larut samangsa yakti sampun wiwit jumeneng. Mirsanana ugi 1604.

2592. Wonten ing ayat punika – inggih punika èwoning wahyu ingkang sepuh piyambak – saminipun Kanjeng Nabi Suci kaliyan Kanjeng Nabi Musa kasebutaken kalayan tetembungan ingkang terang gamblang. Dados da'wah utawi pangakenipun Kanjeng Nabi jumeneng nabi kados ingkang kajanjèkaken wonten ing Pangandharing Torèt 18: 18, ingkang wonten ing ngriku kalayan ceplos kasebutaken "kaya" Kanjeng Nabi Musa, punika wontenipun sampun wiwit nalika Kanjeng Nabi winisuda jumeneng utusan. Punapa punika boten nama anggumunaken ingatasipun Kanjeng Nabi punika boten naté maos kitab Torèt? Lah inggih awit saking punika mila Quran Suci punika wonten ing dhawuh-dhawuh ingkang tumurun ing pawingkingipun, kasebut kang ambeneraké barang kang sadurungé, liripun rawuhipun anjangkepi wahananing piweca ing kina, ingkang kayektènipun katetepaken kados makaten wau.

17 Lah kapriyé olèhmu bakal anjaga awakmu, manawa kowé padha maido, ing dinané, kang andadèkaké bocah-bocah padha uwanen?

فَكَيْفَ تَتَّقُونَ إِنْ كَفَرْتُمْ يَوْمًا يَجْعَلُ الْوِلْدَانَ شِيبًا ﴿١٧﴾

18 Langit dadi sigar marga saka iku; janjining Panjenengané iku salawasé masthi kalaksanan.[2593]

السَّمَاءُ مُنْفَطِرٌ بِهِ ۚ كَانَ وَعْدُهُ مَفْعُولًا ﴿١٨﴾

19 Sayekti iki pépéling, mulané sapa sing gelem, angalapa dalan marang pangérané.

إِنَّ هَٰذِهِ تَذْكِرَةٌ ۖ فَمَنْ شَاءَ اتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِ سَبِيلًا ﴿١٩﴾

RUKU' 2

Salat tiyang Islam dipun wajibaken

20 Sayekti Pangéranira angudanéni, yèn sira iku anindakaké salat mèh rong prateloning wengi, lan (kala-kala) saparoné, lan (kala-kala) sapratelonė, *mangkono uga* sapéranganė para kang nyartani sira; lan Allah iku angukur wengi lan rina. Panjenenganė uninga, yèn sira ora

Ar. *lan*

إِنَّ رَبَّكَ يَعْلَمُ أَنَّكَ تَقُومُ أَدْنَىٰ مِنْ ثُلُثَيِ اللَّيْلِ وَنِصْفَهُ وَثُلُثَهُ وَطَائِفَةٌ مِنَ الَّذِينَ مَعَكَ ۚ وَاللَّهُ يُقَدِّرُ اللَّيْلَ وَالنَّهَارَ ۚ عَلِمَ أَنْ لَنْ

2593. Kula aturi mèngeti kados punapa terang lan ceplosipun tetembunganipun ayat-ayat punika. Ing jaman wiwitan mila (kados déné jaman tumurunipun dhawuh punika), titiyang Quraisy sampun dipun paringi pèpènget bab prakawis nasib awon ingkang mesthi badhé dipun sandhang. Anggènipun anggigirisi dinten wau kapangandikakaken ngantos kados saged *adamel laré-laré alit sami uwanen tuwin langit sigar-biyak*. Nadyan dipun anggepa pangandika punika namung mligi nerangaken kawontenan ing dinten kiyamat, pratélan ingkang angka satunggal wau boten saged dipun suraos kalayan walaka, jalaran ing dinten kiyamat laré-laré boten badhé kadamel uwanen rambutipun. Milanipun para mufassirin sami angakeni manawi pratélan wau istingarah, ingkang nyanépakaken anggènipun anggigirisi dinten wau. Ing basa Arab manawi nerangaken dinten ingkang anggigirisi punika wonten ingkang makaten ungelipun: يوم يشيب نواصى الاطفال *dina kang bisa andadèkaké bocah-bocah padha uwanen kuncungé* (Rz). Pratélan istingarah (sanépa) kakanthèkaken kaliyan pratélan *langit sigar*, punika dados bukti ingkang cetha bilih pratélan langit sigar punika ugi kedah kasuraos éntar. Malah menggah ing sajatos-jatosipun, manawi makaten punika anggènipun nyuraos, pratélan wau lajeng saged mathuk mengku kalih-kalihipun, inggih punika dinten kiyamat tuwin leburipun para mengsah ing gesang sapunika punika. Kosokwangsulipun, manawi kasuraos kalayan wantah, salah satunggal kémawon boten saged mathuk. Tetembungan bangsanipun *langit ginulung* (21: 104), *langit sigar* (kados déné ing ngriki tawin ing 82: 1), *langit binuka tutupipun* (81: 11), tuwin sapanunggilanipun, punika menggah ing sajatos-jatosipun mangandikakaken *sirnanipun barang-barang lami ginantosan ing barang-barang anyar*, ingkang sinartan ing kawontenan ingkang anggigirisi tuwin kawontenan ura-uru. Dados pratélan wau mathuk kanggé nembungakaken leburipun satunggaling bangsa ing jagad punika, tuwin inggih mathuk kanggé nembungakaken barang-barang gagrag ingkang anyar babar pisan, ingkang badhé dipun wontenaken sasarengan kaliyan kiyamat. Mirsanana ugi 1665 tuwin 2677.

bisa mangkono iku, mulané Panjenengané bola-bali (wilasa-Né) marang sira;[2594] lah sira padha macaa Quran apa kang gampang (tumrapé sira). Panjenengané anguningani, yèn sawenèhira masthi ana sing lara, lan sawenèhé manéh lulungan ing bumi angupaya nugrahaning Allah, tuwin sawenèhé manèh perang ing dadalaning Allah[2595] mulané padha macaa
Ar. *iku* *Qurân* apa kang gampang (tumraping sira), lan anjumenengna salat, lan awèha zakat, lan angaturana marang Allah atur-atur kang becik,[a] lan sabarang kabecikanmu kang dhisik-dhisik kang tumrap marang awakira, iku bakal sira temu ana ing ngarsané Allah, iku pituwas kang luwih becik lan luwih gedhé; lan padha nyuwuna pangapura marang Allah; sayekti Allah iku Aparamarta-Mahaasih.

تُحْصُوْهُ فَتَابَ عَلَيْكُمْ فَاقْرَءُوْا
مَا تَيَسَّرَ مِنَ الْقُرْاٰنِ ؕ عَلِمَ اَنْ
سَيَكُوْنُ مِنْكُمْ مَّرْضٰى ۙ وَ اٰخَرُوْنَ
يَضْرِبُوْنَ فِى الْاَرْضِ يَبْتَغُوْنَ مِنْ
فَضْلِ اللّٰهِ ۙ وَ اٰخَرُوْنَ يُقَاتِلُوْنَ فِىْ
سَبِيْلِ اللّٰهِ ۖ فَاقْرَءُوْا مَا تَيَسَّرَ مِنْهُ ۙ
وَ اَقِيْمُوا الصَّلٰوةَ وَ اٰتُوا الزَّكٰوةَ
وَ اَقْرِضُوا اللّٰهَ قَرْضًا حَسَنًا ؕ وَ مَا
تُقَدِّمُوْا لِاَنْفُسِكُمْ مِّنْ خَيْرٍ تَجِدُوْهُ
عِنْدَ اللّٰهِ هُوَ خَيْرًا وَّ اَعْظَمَ اَجْرًا ؕ
وَ اسْتَغْفِرُوا اللّٰهَ ؕ اِنَّ اللّٰهَ غَفُوْرٌ رَّحِيْمٌ ﴿۲۰﴾

2594. Péranganipun ingkang sapisan ayat punika boten mengku dhawuh paréntah dhateng para angèstu supados anjungkung sembahyang ing wanci dalu kalayan katamtokaken dangunipun; wangsul namung nyebutaken, bilih Kanjeng Nabi Suci tuwin para ingkang sami nyartani panjenenganipun sok anjungkung sembahyang ing wanci dalu ngantos kalih pratigan dalu. Tarkadhang sapalih dalu, tuwin tarkadhang sapratigan dalu. Dados nama boten teges manawi winastan bilih péranganipun ingkang sapisan ayat punika kasuwak déning peranganipun ingkang angka kalih. Satunggaling pratélan boten saged winastan kasuwak. Wondéné péranganipun ayat ingkang kantun, punika namung anyebutaken, bilih nadyan Kanjeng Nabi Suci lan para sahabatipun ingkang sami nyarempeng anjungkung sembahyang ing wanci dalu ngantos sapérangan ageng (boten kados para mengsah, manggung langen suka), suprandéné boten sadaya titiyang Muslimin saged nulad tindak wau; milanipun titiyang Muslimin kapangandikan, kénging sami sembahyang ing wanci dalu namung ing sakacunggahipun sarta boten dados sasanggèn. Sira ing dhawuh ingkang mungel "sira ora bisa mangkono iku," punika ingkang dipun karsakaken *titiyang muslimin umumipun*. Kapèngetana bilih ing ngriki wonten tembung *taba* (kriyanipun tembung *taubah*), ingkang jawinipun *Panjenengané bali wilasané*, mangka boten wonten rembag prakawis dosa ingkang tumrap tiyang ingkang sami kaparingan wilasa déning Pangéran wau. Punika anedahaken bilih tembung taubah punika wonten ing Quran Suci anggadhahi teges langkung jembar katimbang tembung *tobat* ing basa jawi.

2595. Pepérangan kasebutaken wonten ing dhawuh punika, punika ingkang cepak kémawon dumunung pratélan ingkang asifat piweca, kados déné ingkang pinanggih ing pinten-pinten panggènan wonten ing Quran Suci. Dados kasebutipun prakawis punika, punika boten teka lajeng dados bukti bilih ayat punika boten tumurun ing Makkah.

ركوعاتها ٢ سُورَةُ الْمُدَّثِّرِ مَكِّيَّةٌ (٧٤) اٰياتها ٥٦

SURAT 74

AL-MUDDATSTSIR

(*Ingkang manganggé*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 56 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kanjeng Nabi kadhawuhan aparing pèpènget.
Ruku' 2. Pèpèngetipun.

Katerangan gerban

Surat ingkang sampun mangandikakaken Kanjeng Nabi, kados pundi anggayuh kasampurnan punika. Ing ngriki Kanjeng Nabi dipun dhawuhi medal saking anggènipun miyambak perlu nyampurnakaken ing sanès. Para mufassirin sami sarujuk amastani bilih surat punika dhawah angka kalih menggah ing urut-urutan ing tumurunipun, sarta kawontenan-kawontenan ingkang gagandhèngan kaliyan tumurunipun surat punika kasebut wonten ing hadits-hadits ingkang kénging pinitados. Dangunipun letipun antawising tumurunipun wahyu ingkang rumiyin piyambak kaliyan tumuruning wahyu ingkang ongka kalih punika ngantos watawis wekdal nem wulan, sarta wekdal punika misuwuripun kasebut *fathrah* utawi *komplang.* Pantes pinèngetan, jaman nem atusan taun sadèrèngipun rawuhipun Kanjeng Nabi, punika inggih jaman *fathrah* utawi *komplang*, awit nem abad kapétang wiwit jaman rawuhipun Kanjeng Nabi Isa dumigi jaman rawuhipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. ing jagad punika boten wonten nabi ingkang rawuh; *fathrah*-ipun Kanjeng Nabi ingkang boten dangu wau saged ugi minangka pèpènget-ènget jaman nem abad sadangunipun jagad sawegung ngentos-entosi rawuhing panutupipun para nabi lan agung-agunging para nabi, Kanjeng Nabi Suci Muhammad saw. inggih punika nabinipun sadaya umat saha sadaya jaman dados boten namung nabining umat satunggal utawi jaman satunggal kémawon. Wekdal *fathrah* punika sakalangkung anggènipun angregiyeg tumrapipun Kanjeng Nabi, sarta Panjenenganipun sakalangkung sungkawa margi wahyu komplang boten tumurun wau. Nanging sapisan malih sasampunipun wekdal komplang wau pundhat wawangenipun, malaikating Pangéran ngrawuhi panjenenganipun malih; Kanjeng Nabi ngemuli sariranipun kalayan pangagemanipun; nanging sanès karsaning Pangéran panjenenganipun lastantun miyambak, sami nalika panjenenganipun kadhawuhan jumeneng saha memèngeti. *Tiyang ingkang manganggé wau* tansah ngrasuk busana meleng dhateng Pangéran; ing sapunika panjenenganipun kadhawuhan ngèndeli anggènipun remen miyambak. Surat punika ing sagemblengipun terang manawi kagolong ing jaman Makkah wiwitan nanging inggih cetha boten katurunaken sapisan rampung, namung kémawon boten wonten titikanipun manawi wonten péranganipun ingkang tumurunipun wonten ing Madinah.

Hadits satunggal thil ingkang nerangaken pahamipun Jabir, riwayat Abu Salamah bin Abdirrahman, bilih surat punika wahyu ingkang tumurun rumiyin piyambak, punika sampun boten wonten semang-semangipun manawi klèntu. Leres "rumiyin piyambak", nanging rumiyin piyambak ing sasampunipun *Fathrah,* ing sasampunipun wekdal komplanging wahyu, boten kok ingkang rumiyin piyambak ing antawising wahyu ingkang katampi déning kanjeng Nabi sadaya. Wondéné wahyu ingkang tumurun rumiyin piyambak, punika sampun umum dipun akèni ayat-ayat ing wiwitaning surat ingkang kaping 96.

RUKU’ 1

Kanjeng Nabi kadhawuhan aparing pèpènget

1-7. Kanjeng Nabi kedah pèpènget sarta kedah sabar. 8-31. Para ingkang milawani sarta kados pundi pandumipun.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
1 O, sira kang-manganggo![2596]	يٰۤاَيُّهَا الْمُدَّثِّرُ ۝١
2 Ngadega lan apépélinga,[2597]	قُمْ فَاَنْذِرْ ۝٢
3 Sarta angegungna Pangéranira,	وَرَبَّكَ فَكَبِّرْ ۝٣
4 Tuwin angresikna sasandhanganira,[2598]	وَثِيَابَكَ فَطَهِّرْ ۝٤
5 Apa déné angedohna jejember,	وَالرُّجْزَ فَاهْجُرْ ۝٥
6 Lan aja wèwèh akanthi pangarah tampa pakolèh kang luwih akèh[2599]	وَلَا تَمْنُنْ تَسْتَكْثِرُ ۝٦
7 Lan tumrap prakaraning Pangéranira disabar.	وَلِرَبِّكَ فَاصْبِرْ ۝٧
8 Amarga samangsa salumprèt tiniyup,	فَاِذَا نُقِرَ فِى النَّاقُوْرِ ۝٨

2596. *Al-Muddatstsir* punika tiyang ingkang manganggé *ditsâr*, *panganggé* (LL). Sawenèh ngulami anggènipun nyuraos tembung punika walaka, sawenèhipun malih éntar. Manut ingkang sami nyuraos éntar tegesipun *tiyang ingkang manganggé busana kenabian utawi tiyang ingkang mempen*, kados déné kawontenanipun Kanjeng Nabi nalika wonten ing guwa Hira’ (Rz).

2597. Kula aturi nyundhukaken kaliyan dhawuh ingkang kamot wonten ing surat ingkang sampun; ing ngriku Kanjeng Nabi Suci kadhawuhan anjungkung ngibadah, murih panjenenganipun saged anggayuh kasampurnan ing ngriki panjenenganipun dipun dhawuhi andhatengaken ayahan saha maringi pèpènget, dados adamel sampurna ing tiyang sanès.

2598. Nucèni panganggé punika boten namung ingkang magepokan kaliyan susuci kalayan patrap lahir kémawon, nanging ugi susucining manah, kados déné ingkang katerangaken ing ayat candhakipun, ingkang andhawuhaken supados panjenenganipun sumingkir saking sawarnining jejember. Katerangan makaten punika dipun ajengi déning para mufassirin ingkang kathah-kathah (Rz).

2599. Utawi: manawa sira mènèhaké pawèwèh, poma sira aja ngarep-arep bakal tampa kang luwih akèh saka wong kang kepotangan kabecikan karo sira; utawi: barang satitik kang sira tindakaké iku aja sira étung akèh.

9 Lah ing kono dina iku dina rekasa

فَذٰلِكَ يَوْمَئِذٍ يَّوْمٌ عَسِيْرٌ ﴿٩﴾

10 Tumrap para kafir dudu (dina) kang gampang,

عَلَى الْكٰفِرِيْنَ غَيْرُ يَسِيْرٍ ﴿١٠﴾

11 Togna baé Ingsun dhéwé karo wong kang wus Ingsun-titahaké,

ذَرْنِيْ وَمَنْ خَلَقْتُ وَحِيْدًا ﴿١١﴾

12 Lan wus Ingsun paringi bandha kang ombèr,

وَّجَعَلْتُ لَهٗ مَالًا مَّمْدُوْدًا ﴿١٢﴾

13 Apa déné anak-anak kang ketungkulan,

وَّبَنِيْنَ شُهُوْدًا ﴿١٣﴾

14 Tuwin prakarané Ingsun tata sarwa tumata;

وَّمَهَّدْتُّ لَهٗ تَمْهِيْدًا ﴿١٤﴾

15 Éwadéné dhèwèké isih angajap Ingsun wuwuhana.[2600]

ثُمَّ يَطْمَعُ اَنْ اَزِيْدَ ﴿١٥﴾

16 Ora pisan-pisan! sayekti dhèwèké iku amilawani timbalan-timbalan-Ingsun.

كَلَّا ۗ اِنَّهٗ كَانَ لِاٰيٰتِنَا عَنِيْدًا ﴿١٦﴾

17 Ingsun bakal anibakaké siksakang-nusahaké marang dhèwèké.[2601]

سَاُرْهِقُهٗ صَعُوْدًا ﴿١٧﴾

2600. Pratélan punika mathuk kasuraos umum, nanging mèh sadaya para mufassirin sami mèngeti lalampahanipun Walid bin Mugirah mligi magepokan kaliyan pangandika punika. Rz nyebutaken hadits ingkang ngandharaken lalampahanipun Walid wau. Abu Jahl tuwin para panuntuning panganiaya dhateng Kanjeng Nabi Suci sanès-sanèsipun sami kalempakan perlu ngrembag nama punapa ingkang badhé kanggé anjuluki Kanjeng Nabi Suci, awit ing mangsa haji, titiyang kathah boten sami golongrembagipun jujuluk punapa ingkang mligi kanggé anjuluki ing panjenenganipun. Sawenèh tiyang usul supados Kanjeng Nabi dipun juluki: juru-nganggit-kidung, nanging Walid mangsuli bilih pangandikanipun Kanjeng Nabi punika boten maya-maya kados ginemipun juru-nganggit-kidung. Tiyang sanèsipun usul supados dipun wastani juru-tenung, nanging Walid inggih ambantah, dupèh Kanjeng Nabi Muhammad boten naté dora pangandikanipun, mangka para juru tenung, asring goroh. Tiyang sanès malih usul supados panjenenganipun dipun sebut tiyang éwah, nanging punika ugi boten cocog kaliyan kawontenaning sugengipun Kanjeng Nabi. Walid lajeng madal pasilan, kanca-kancanipun nginten manawi piyambakipun badhé ngrasuk Islam. Abu Jahl nututi perlu badhé pitakèn dhateng piyambakipun bab prakawis punika; Abu Jahl dipun cariyosi bilih sasampunipun kamanah lebet, piyambakipun angsal pupuntoning pamanggih, bilih Kanjeng Nabi punika satunggaling *sâhir*, jawinipun: juru kemayan, cariyosipun: jalaran "inggih *juru-kemayan*, ingkang sok amisahaken bapak kaliyan anak, sadhèrèk kaliyan sadhèrèkipun, tiyang jaler kaliyan rabinipun." Urut margi-marginipun kitha Makkah lajeng dipun undhang-undhangaken bilih Kanjeng Nabi punika *sâhir*. Lah inggih lalampahan punika ingkang dipun karsakaken wonten ing ayat-ayat candhakipun punika.

2601. اُرْهِقُهٗ صَعُوْدًا tegesipun *aku andadèkaké dhèwèké nindakaké barang kang angèl*

18 Sayekti, dhèwèké mikir-mikir sarta anetepaké,

إِنَّهُۥ فَكَّرَ وَقَدَّرَ ﴿١٨﴾

19 Ananging muga siniku, kapriyé anggoné netepaké,

فَقُتِلَ كَيْفَ قَدَّرَ ﴿١٩﴾

20 Manéh, muga siniku, kapriyé anggoné netepaké;

ثُمَّ قُتِلَ كَيْفَ قَدَّرَ ﴿٢٠﴾

21 Banjur angawasaké,

ثُمَّ نَظَرَ ﴿٢١﴾

22 Tumuli mrengut sarta nyawang sumengit,

ثُمَّ عَبَسَ وَبَسَرَ ﴿٢٢﴾

23 Banjur mungkur sarta gumedhé,

ثُمَّ أَدْبَرَ وَاسْتَكْبَرَ ﴿٢٣﴾

24 Banjur calathu: Iki ora liya kajaba kemayan tutur-pinajaraké;[2602]

فَقَالَ إِنْ هَٰذَآ إِلَّا سِحْرٌ يُؤْثَرُ ﴿٢٤﴾

25 Iki ora liya kajaba mung guneming wong.

إِنْ هَٰذَآ إِلَّا قَوْلُ الْبَشَرِ ﴿٢٥﴾

26 Dhèwèké bakal Ingsun cemplungaké naraka

سَأُصْلِيهِ سَقَرَ ﴿٢٦﴾

27 Lan apa kang meruhaké sira, naraka iku apa?

وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا سَقَرُ ﴿٢٧﴾

28 Ora ana sabarang sing diisihaké, lan ora ana kang ora linebur.

لَا تُبْقِي وَلَا تَذَرُ ﴿٢٨﴾

Ut. *anggesengaké*

29 Iku *angowahaké kaananing* manusa.

لَوَّاحَةٌ لِّلْبَشَرِ ﴿٢٩﴾

30 Ing kono ana sangalas (sing anjaga).[2602A]

عَلَيْهَا تِسْعَةَ عَشَرَ ﴿٣٠﴾

---

utawi *kang ngrekasakaké*. Ingkang dipun karsakaken nasib ingkang dipun sandhang déning Walid; anakipun jaler ingkang tiga ngrasuk Islam, sanèsipun sami tilar donya, kasugihanipun wiwit susut, wasananipun piyambakipun piyambak pejah kalayan nandhang camah ingkang sanget tuwin nandhang kemlaratan.

2602. *Sihr* ing ngriki mengku teges sami kados déné ingkang kawengku wonten ing pangandikanipun Kanjeng Nabi ان من البيان لسحرا inggih punika wicara luwes katranganipun ingkang panjang bab tembung punika kula aturi mirsani ing 148. Mila Quran winastan *kemayan* awit Quran punika kagungan daya panarik ingkang adamel kélu.

2602A. Kedah dipun pèngeti bilih wonten ing ayat candhakipun punika kasebut sanépa *apa kang*

Ar. *mitra*

Ar. *kalawan*

a. 44, 1099, 1297, 1312

31 Lan ora liya kajaba malaikat kang Ingsun dadèkaké *panjaganing* geni, sarta wilangané ora liya kajaba mung Ingsun dadèkaké coba tumrap para kang padha kafir, supaya para kang padha kaparingan Kitab padha yakin, sarta para kang padha iman padha wuwuh imané, apa déné (supaya) ora padha semang-semang para kang kaparingan Kitab lan para mukmin, sarta supaya para kang sajroning atiné ana lalarané sarta para kafir padha calathu: Apa ta karsaning Allah *adamel* sanépa iki? Iya kaya mangkono iku anggoné Allah andadèkaké sasaré sapa kang dadi karsa-Né, sarta aparing pituduh (marang) sapa sing dadi karsa-Né,[a] lan ora ana kang weruh wadya balané Pangéranira kajaba Panjenengané; lan iki ora liya kajaba pépéling tumrap para manusa.

وَمَا جَعَلْنَآ أَصْحٰبَ النَّارِ إِلَّا مَلٰٓئِكَةً
وَّمَا جَعَلْنَا عِدَّتَهُمْ إِلَّا فِتْنَةً لِّلَّذِيْنَ
كَفَرُوْا لِيَسْتَيْقِنَ الَّذِيْنَ أُوْتُوا
الْكِتٰبَ وَيَزْدَادَ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا إِيْمَانًا
وَّلَا يَرْتَابَ الَّذِيْنَ أُوْتُوا الْكِتٰبَ
وَالْمُؤْمِنُوْنَ وَلِيَقُوْلَ الَّذِيْنَ فِيْ
قُلُوْبِهِمْ مَّرَضٌ وَّالْكٰفِرُوْنَ مَاذَآ
أَرَادَ اللّٰهُ بِهٰذَا مَثَلًا كَذٰلِكَ يُضِلُّ
اللّٰهُ مَنْ يَّشَآءُ وَيَهْدِيْ مَنْ يَّشَآءُ وَمَا
يَعْلَمُ جُنُوْدَ رَبِّكَ إِلَّا هُوَ وَمَا هِيَ
إِلَّا ذِكْرٰى لِلْبَشَرِ ۝٣١

RUKU' 2

Pèpèngetipun

Ut. *dhemi*
a. 2099

32 O, *pramanakna*[b] rembulané,

كَلَّا وَالْقَمَرِ ۝٣٢

33 Sarta wengi nalikané oncat,

وَالَّيْلِ إِذْ أَدْبَرَ ۝٣٣

34 Tuwin gagat-bangun, nalikané sumilak;

وَالصُّبْحِ إِذَآ أَسْفَرَ ۝٣٤

35 Sayekti, iki salah sawijining (kacilakan) kang gedhé

إِنَّهَا لَإِحْدَى الْكُبَرِ ۝٣٥

36 Pépéling tumrap para manusa,

نَذِيْرًا لِّلْبَشَرِ ۝٣٦

dikarsakaké Allah kalawan sanépa iki? Quran namung mangandikakaken ing *kono ana sangalas*. Para mufassirin anggadhahi pamanggih bilih sangalas punika malaikat sangalas utawi golongan sangalas, utawi tataran sangalas (Rz). Déné mila cacahipun katamtokaken samanten wau, punika miturut pahamipun margi saking tiyang kalayan boten saleres leresipun anggènipun migunakaken anggota sangalas, ingkang paprincènipun kasebutaken déning para mufassirin wau (Rz).

	37 Tumrap sira apa sing arep maju utawa (arep) kèri.[2603]	لِمَنْ شَآءَ مِنْكُمْ اَنْ يَّتَقَدَّمَ اَوْ يَتَاَخَّرَ ۝٣٧
	38 Sarupaning jiwa iku kaiket karo sabarang panggawéné	كُلُّ نَفْسٍۢ بِمَا كَسَبَتْ رَهِيْنَةٌ ۝٣٨
	39 Kajaba para kang ana ing tangan tengen,	اِلَّآ اَصْحٰبَ الْيَمِيْنِ ۝٣٩
	40 Ana sajroning patamanan, bakal padha takon-takonan.	فِيْ جَنّٰتٍ ۛ يَتَسَآءَلُوْنَ ۝٤٠
	41 Prakara wong kang padha dosa:	عَنِ الْمُجْرِمِيْنَ ۝٤١
	42 Punapa marginipun sampéyan wonten ing salebeting naraka?	مَا سَلَكَكُمْ فِيْ سَقَرَ ۝٤٢
	43 Bakal padha mangsuli: Kula punika sami sanès golonganipun tiyang ingkang sami salat;	قَالُوْا لَمْ نَكُ مِنَ الْمُصَلِّيْنَ ۝٤٣
	44 Lan kula boten naté nyukani tedha tiyang miskin;	وَلَمْ نَكُ نُطْعِمُ الْمِسْكِيْنَ ۝٤٤
	45 Sarta damel kula omong lalahan kaliyan tiyang ingkang damelipun omong lalahan.	وَكُنَّا نَخُوْضُ مَعَ الْخَآئِضِيْنَ ۝٤٥
	46 Tuwin damel kula anggorohaken dinten wawales,	وَكُنَّا نُكَذِّبُ بِيَوْمِ الدِّيْنِ ۝٤٦
Ar. *yakin*	47 Ngantos dhatengipun *pejah* kula.	حَتّٰٓى اَتٰىنَا الْيَقِيْنُ ۝٤٧

2603. *Wulan* utawi *qamar* punika kados déné ingkang sampun kula terangaken wonten ing 2388, minangka pasemoning panguwaosipun bangsa Arab. *Dalu* ing ayat candhakipun punika minangka pasemonipun kabodhoan ingkang anglimputi bangsa Arab. Kabodhoan Punika badhé sirna, nanging sareng kaliyan sirnanipun kabodhoan wau, badhé sirna ugi panguwaosipun titiyang Makkah. Papadhanging yakti badhé sumunar anelahi, nanging boten kok atanpa kacilakan ageng tumrap para titiyang ingkang boten purun majeng; lah punika minangka pèpènget. Kosokwangsulipun, titiyang ingkang purun majeng, boten badhé kedayan punapa-punapa, boten badhé ketaman kacilakan ingkang sakalanglung ageng wau, awit para titiyangipun tangan tengen sami badhé wonten ing taman, margi saben jiwa mesthi nanggel sabarang ingkang katindakaken. Piweca sacara makaten wau, inggih punika ingkang mecakaken badhé leburipun titiyang Makkah, punika taksih kalajengaken ngantos dumugi ing wekasaning surat.

48 Mulané safangaté para juru-safangat ora bakal maédahi marang dhèwèké.

فَمَا تَنْفَعُهُمْ شَفَاعَةُ الشّٰفِعِيْنَ ﴿٤٨﴾

49 Lah apa ta karanané, déné dhèwèké maléngos saka pépéling.

فَمَا لَهُمْ عَنِ التَّذْكِرَةِ مُعْرِضِيْنَ ﴿٤٩﴾

50 Kaya déné kuldi kang kagèt,

كَاَنَّهُمْ حُمُرٌ مُّسْتَنْفِرَةٌ ﴿٥٠﴾

51 Kang anggeblas angoncati singa barong?

فَرَّتْ مِنْ قَسْوَرَةٍ ﴿٥١﴾

52 Balik dhèwèké, siji-sijiné, padha angajab padha diparingana dhéwé-dhéwé lembaran kang ginelar.[2604]

بَلْ يُرِيْدُ كُلُّ امْرِئٍ مِّنْهُمْ اَنْ يُّؤْتٰى صُحُفًا مُّنَشَّرَةً ﴿٥٢﴾

53 Ora pisan-pisan! balik dhèwèké padha ora wedi marang akhirat.

كَلَّا ۗ بَلْ لَّا يَخَافُوْنَ الْاٰخِرَةَ ﴿٥٣﴾

54 O, Sayekti, iku sawijining pépéling.[2605]

كَلَّآ اِنَّهٗ تَذْكِرَةٌ ﴿٥٤﴾

55 Lah sapa sing gelem, angélingana iku.

فَمَنْ شَاۤءَ ذَكَرَهٗ ﴿٥٥﴾

56 Lan ora bakal padha angélingi, kajaba sing dadi kaparenging Allah.[2605A] Panjenengané iku pantes kinawedèn lan pantes aparing pangapura.

وَمَا يَذْكُرُوْنَ اِلَّآ اَنْ يَّشَاۤءَ اللّٰهُ ۗ هُوَ اَهْلُ التَّقْوٰى وَاَهْلُ الْمَغْفِرَةِ ﴿٥٦﴾

2604. Saben tiyang saking èwonipun para titiyang wau akajeng ambok inggih piyambakipun tampi wahyu piyambak saking langit. Bab prakawis punika sampun marambah-rambah kaucapaken déning para titiyang wau: *Généa Allah ora ngandika marang aku?* (2: 118).

2605. Quran punika kasebut *tadhkirah.* Déné tegesipun sami kémawon kaliyan *dhikr* inggih punika *pépéling,* nanging mengku suraos ingkang langkung lebet malih, inggih punika nedahaken kaluhuran lan kamulyan tumrap para ingkang sami andhèrèk Quran.

2605A. Quran sampun marambah-rambah andhawuhaken, bilih Pangéran boten meksa ing manusa nganggé margi punika utawi punika. Quran namung maringi ancer-ancer pundi margi ingkang leres pundi ingkang lepat. Ing salajengipun gumantung ing pamilihipun satunggal-satunggaling tiyang. Dalasan ing ngriki ugi kasebutaken kalayan terang gamblang: *Lah sapa sing gelem, angèlingana iku* (ayat 55). Ing 76: 3 wonten dhawuh pangandika: *Sayekti Ingsun anuduhaké dadalané, apa dhèwèké arep sukur apa arep angafiri, sakarepé*. Ing Quran Suci kathah ayat-ayat ingkang kados makaten punika. Manawi makaten, lah kados pundi tegesipun dhawuh pratélan ingkang mungel *lan ora bakal padha angélingi kajaba sing dadi kaparenging Allah punika*? Pratélan punika teluk dhateng

angger-anggering Pangéran ingkang sampun naté katerangaken. Tiyang ingkang kinarsakaken ing Allah katuntun dhateng margi ingkang leres tuwin kinarsakaken "éling," punika tiyang ingkang purun ambikak manahipun purun anampèni. Mangga kula aturi mèngeti, kirang gamblang punapa kateranganipun ayat-ayat nginggilipun ingkang anggambaraken kawontenanipun ingkang mligi titiyang ingkang mirengaken kémawon dhateng juru-pèpènget boten purun: *Lah apa ta karanané déné dhèwèké maléngos saka pépéling, kaya déné kuldi kang kagèt, kang anggeblas angoncati singa barong* ? (ayat 49-51). *Keparengipun Allah piyambak*, punika sampun *angger-angger*, sanès barang ingkang éwah gingsir, molah-malih, dados boten panjenenganipun angénggokaken tiyang saking "éling," manawi tiyang wau pancèn purun sayekti nampèni kasunyatan. Asring kasebutaken ing Quran Suci, Pangéran karsa anuntun ing sawenèh tiyang lan ngèndelaken sawenèhipun dumunung ing sasar, punika cocog kaliyan angger-anggeripun Pangéran. *Menggah ing sajatos-jatosipun dhawah punika satunggaling piweca, bilih Allah badhé kepareng andadosaken tiyang ingkang ing sapunika sami maléngos punika sami purun émut*, sarta bab punika taksih kalajengaken wonten ing surat candhakipun.

Kateranganipun pratélan saminipun punika ingkang kasebut ing 76: 30, kula aturi mirsani 2633A.

ركوعاتها ٢ — سُوْرَةُ الْقِيٰمَةِ مَكِّيَّةٌ (٧٥) — آياتها ٤٠

SURAT 75

AL-QIYÂMAH

(*Kiyamat*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*20 ruku', 40 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Kanyataanipun Kiyamat.
Ruku' 2. Titiyang pejah sami badhé tangi.

Katerangan gerban

Surat punika taksih nglajengaken bab ingkang kawarsitakaken wonten ing telas-telasaning surat ingkang sampun, inggih punika: Quran punika pèpènget ingkang badhé nyengkakaken ing ngaluhur dhateng para ingkang sami andhèrèk. Minangka buktinipun, dinten gesangipun malih ruhani, utawi *Kiyamat,* ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika, lan jiwa ingkang netah awakipun piyambak, kagem sumpah ingkang wigatos mengku teges bilih kaluhuranipun para angèstu punika badhé tinengeran ing gesangipun malih sadaya para titiyang ingkang ing sapunikanipun pejah menggah ing ruhaniyahipun sarta netahipun dhateng awakipun piyambak para titiyang ingkang boten sami purun ngalap piguna dhateng pèpènget. Kalayan ingkang makaten wau, surat punika wigatos mangandikakaken gesangipun malih tiyang pejah.

Déné tumurunipun surat punika, punika kagolong ing jaman Makkah sepuh, sarta kénging katamtokaken ing kiwatengenipun taun ingkang kaping sakawan wiwit Kanjeng Nabi tetep dados utusan.

RUKU' 1

Kanyataanipun Kiyamat

1-5. Buktinipun kiyamat. 16-19. Anggènipuna angempalaken Quran tuwin panataning urut-urutanipun punika pakaryaning Wewedharipun sabdaning Pangéran. 20-30. Kasusahan ageng.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

a. 2438 — 1 Sayekti, Ingsun apasaksi[a] dina kiyamat

لَآ اُقْسِمُ بِيَوْمِ الْقِيٰمَةِ ۝١

b. 1219, 2732 — 2 Lan sayekti, Ingsun anguwuh saksi osik-piduwung[b,2606]

وَلَآ اُقْسِمُ بِالنَّفْسِ اللَّوَّامَةِ ۝٢

2606. Kiyamat ing ngriki ateges kiyamatipun ruhani bangsa Arab, tuwin ugi ateges kiyamat ageng. Tegesipun ingkang sakawit *qiyâmah* punika tangi. Rgh nerangaken makaten: "*Al-qiyâmah* punika

3 Apa manusa ngira, yèn Ingsun ora bakal anglumpukaké balungé?

أَيَحْسَبُ الْإِنْسَانُ أَلَّنْ نَجْمَعَ عِظَامَهُ ۝٣

Ut. *awaké sakojur*

4 O, iya *malah drijiné pisan* Ingsun bisa agawé sampurnané.[2607]

بَلَىٰ قَادِرِينَ عَلَىٰ أَنْ نُسَوِّيَ بَنَانَهُ ۝٤

5 Nanging manusa iku niyaté arep anggorohaké barang kang ana ngarepé.

بَلْ يُرِيدُ الْإِنْسَانُ لِيَفْجُرَ أَمَامَهُ ۝٥

6 Dhèwèké takon: Kapan ta dina kiyamat iku?

يَسْأَلُ أَيَّانَ يَوْمُ الْقِيَامَةِ ۝٦

7 Nanging nalika pandelengé wus baliwur,[2608]

فَإِذَا بَرِقَ الْبَصَرُ ۝٧

---

asalipun ateges tanginipun satunggaling tiyang kalayan sami sanalika." Sapunikanipun *Al-qiyâmah* punika dados *istilah* utawi basanipun agami, tegesipun kiyamat ageng, nanging tegesipun ingkang asal boten ical, sarta ugi mengku teges gesangipun malih tiyang ingkang pejah ruhaniyahipun. *Lâ* ingkang wonten ing wiwitaning ayat punika lan ayat candhakipun, punika nunggil teges kaliyan ingkang wonten ing فلا وربك لا يؤمنون 4 : 65, tuwin ing kidungipun Imraul Qais: لا وابيك ابنة العامرى ∴ لا يدعى القوم انى افر Miturut Kf, *lâ* tumrap ingkang kados makaten makaten punika kanggé توكيد القسم jawinipun *kanggé ngantebaken sumpah. Waw* tumrap tumrap wonten ing ukara warni kalih ing ngiggil punika, punika mengku suraos *uqsimu,* dados rarangkèn warni kalih wau sami.

2607. Atanpa waton babar-pisan manawi para mengsah maiben dhateng kuwaosipun Allah adamel satunggaling umat dados umat ingkang ageng. Panjenenganipun rak inggih kuwaos ta anggesangaken malih balung aking? (inggih punika sanépanipun Kanjeng Nabi manut panyawangipun para mengsah). Malah langkung malih, panjenenganipun kuwaos andadosaken tiyang saged anggayuh kasampurnan, nyampurnakaken sadaya anggotaning badanipun, dalasan ngantos dumugi pucuking drijinipun pisan. Tembung *banân* punika ingkang sakawit namung ateges *driji*, utawi *pucuking driji*; nanging tembung punika ugi kanggé nembungaken *sadaya anggotaning badan* (Abu-Ishaq, M-LL), mila lajeng kénging dipun jarwani ugi *badan sakojur*. Suprandéné nadyan dipun lastantuna pisan tegesipun ingkang sakawit, inggih punika *driji*, suraosipun taksih tetep sami, jalaran kalangkunganipun manusa punika gumanthung wonten ing tanganipun, langkung-langkung wonten ing wawanguning driji-drijinipun, ingkang saumpamia tanpa punika, tangèh lamun manusa saged majeng. Tetembunganipun ingkang angsal *banâ* punika tegesipun *dudunung*; mila driji kasebut *banân,* miturut Msb: "jalaran sadaya kawontenan ingkang dipun anggé nglajengaken gesangipun manusa, punika tumatanipun sarana driji-driji wau" (LL), utawi manawi miturut Rgh tuwin TA, jalaran kalayan driji-driji wau manusa umangsah prang tuwin rumeksa awakipun. Dados ayat kakalih punika wigatos mecakaken lalampahan wigatos ing wekdal ingkang badhé dhateng tumrap Kanjeng Nabi Suci, ayat sambetipun nyethakaken bab prakawis punika: *Nanging manusa iku niyaté arep anggorohaké barang kang ana ing ngarepé,* terangipun, piyambakipun boten purun ngandel bilih ingkang makaten punika saged kelampahan.

2608. Lah ing ngriki kasusulan sawenèh tandha-tandhanipun *dinten kiyamat* برق البصر tegesipun *pandeleng dadi blawur,* utawi manawi miturt Rz, *dhèwèké dadi bingung*; sarta tembung *bariqa* thok, tanpa karaketan tembung sanès, punika inggih sampun ateges kados makaten wau, inggih punika *dhèwèké dadi bingung lan ora bisa weruh dadalané kang bener*, utawi *dhèwèké dadi giris* (Q, TA-LL). Dados sawenèh bilai ageng ingkang saged adamel bingungipun mengsah, punika kawengku

8 Lan rembulané wus surem,[2609]

وَخَسَفَ الْقَمَرُ ﴿٨﴾

9 Sarta srengéngéné lan rembulané wus dikumpulaké,[2610]

وَجُمِعَ الشَّمْسُ وَالْقَمَرُ ﴿٩﴾

10 Ing dina iku manusa bakal padha calathu: mlayu menyang ngendi?

يَقُولُ الْإِنْسَانُ يَوْمَئِذٍ أَيْنَ الْمَفَرُّ ﴿١٠﴾

11 Ora pisan-pisan! ora bakal ana pangungsèn!

كَلَّا لَا وَزَرَ ﴿١١﴾

12 Ing dina iku bakal mung marang Pangéranira dununging palereman.[2611]

إِلَىٰ رَبِّكَ يَوْمَئِذٍ الْمُسْتَقَرُّ ﴿١٢﴾

13 Ing dina iku manusa iku bakal diwartani sabarang panggawéné kang didhisikaké lan (sabarang) kang dikèrèkaké.[2612]

يُنَبَّأُ الْإِنْسَانُ يَوْمَئِذٍ بِمَا قَدَّمَ وَأَخَّرَ ﴿١٣﴾

---

wonten ing tembung wau. Sawenèh mufassirin wonten ingkang gadhah paham, bilih ingkang makaten punika tandha-tandhanipun tiyang ingkang sampun celak kaliyan ngajalipun (Rz).

2609. Rembulan surem, punika mengku teges sirnaning panguwaosipun titiyang Makkah (nalika lumawan Kanjeng Nabi Suci) utawi sirnaning panguwaosipun bangsa-bangsa Semetic umumipun (ing jaman pawingkingipun); mirsanana 2388.

2610. *Surya lan rembulan dipun kempalaken,* mengku teges *surya lan rembulan sirna cahyanipun* (Rz), manawi punika dipun suraos risakipun ingkang wekasan solar system (planit-planit ingkang kagolong dhateng surya kita, dalah surya lan rembuan kita), lajeng sampun terang tegesipun. Nanging kajawi punika sajakipun taksih mengku teges sanèsipun malih sacara ngibarat, inggih punika sirnaning panguwaosipun nagari Persi, ingkang mawi pesamon surya, sasarengan kaliyan sirnaning panguwaosipun titiyang Makkah. Mirsanana 1930, ing ngriku katerangaken bilih ambrukipun titiyang Makkah lan titiyang Persi punika wiwit lan wekasanipun sarengan (nunggil jaman). Kedah dipun pèngeti bilih ayat-ayat punika sadaya ugi mengku karsa mangandikakaken Kiyamatipun tiyang pejah ing saumumipun; nanging kanyataaning wahananipun, ingkang sacara ngibarat kelampahan ing gesang sapunika ugi, punika kakarsakaken dados tandha kayektèning janji bab akhirat; sarta bab punika kacethakaken wonten ing dhawuh sambetipun. Para mufassirin ingkang sami nganggep tandha-tandha punika dados tandha-tandhanipun pejah ingkang sampun andungkap, sami gadhah panyuraos *surya lan rembulan kakempalaken* punika mengku teges pecating jiwa dhateng akhirat (jiwa kasanépakaken rembulan, akhirat kasanépakaken surya, awit ing gesang ingkang badhé dhateng sawarnining semang-semang sampun boten wonten malih).

2611. Ayat punika, lan ayat kakalih ingkang sampun, punika kénging kanggé titikan bilih ingkang dipun karsakaken punika terang bab prakawis ambrukipun babar pisan para mengsah; jalaran ayat wau andhawuhaken dhateng mengsah ingkang kiyat, bilih dintenipun sampun dhateng, samangsa piyambakipun sampun boten angsal palereman malih kajawi *marang Pangéranira,* inggih punika ngayom dhateng Kanjeng Nabi Suci.

2612. *Kang didhisikaké* ingkang dipun karsakaken pandamel awon ingkang sampun dipun lampahi, mangka kedahipun boten kénging dipun lampahi. *Kang dikèrèkaké,* pandamel saé ingkang boten dipun lampahi mangka kedahipun dipun tindakaken.

14 O, manusa iku saksi-premati tumrap marang awaké dhéwé,

بَلِ الْإِنْسَانُ عَلَىٰ نَفْسِهِ بَصِيرَةٌ ﴿١٤﴾

15 Sanajan ta angandhakaké alangané,[2613]

وَلَوْ أَلْقَىٰ مَعَاذِيرَهُ ﴿١٥﴾

16 Aja sira ngobahaké lidhahira kanggo anggégé iku.[2614]

لَا تُحَرِّكْ بِهِ لِسَانَكَ لِتَعْجَلَ بِهِ ﴿١٦﴾

17 Sayekti anggoné angumpulaké iku sarta pamacané, iku tanggungan-Ingsun.[2615]

إِنَّ عَلَيْنَا جَمْعَهُ وَقُرْآنَهُ ﴿١٧﴾

2613. Manusa punika mesthi saged ambédakaken antawising leres lan lepat; éwadéné manusa ajeg-ajegan pijer "damel pawadan" kanggé anilar margi ingkang leres tuwin nganggé margi ingkang boten leres.

2614. Déning sawenèh tiyang ayat 16-19 punika kanggep boten wonten sambetipun kaliyan dhawuh ing ngiggil lan ing ngandhapipun. Tuwan Rodwell nganggep ayat 16-19 punika parenthetical (ukara ingkang sumesel). Nanging kados déné ingkang sampun kula terangaken nalika nafsiri ayat ingkang wiwitan ing surat punika, menggah ing sajatosipun ingkang dados jejering rembag punika bab prakawis Quran. Déné mawi nyebutaken dinten kiyamat, punika namung kanggé pasaksèn, bilih para ingkang sami andhèrèk Quran, punika mesthi badhé *dipun tangèkaken* lantaran Quran wau, lan badhé menang kaliyan mengsah-mengsahipun. Déné sasambetanipun pangandika, melokipun mawi cara sanès. Ayat-ayat ingkang sampun mangandikakaken rekaos ingkang mesthi dipun sandhang déning para titiyang ingkang boten purun nebihi margi ingkang boten leres. Mesthi kémawon Kanjeng Nabi kepéngin sanget sageda para titiyang wau sami langkung dhamang dhateng prakawis punika, awit saking punika panjenenganipun ngantos-antos sanget supados tumunten dipun paringana dhawuh pèpènget ingkang mawi tembung ingkang langkung cetha malih. Milanipun Kanjeng Nabi lajeng kaparingan dhawuh sampun ngantos anggégé punika, jalaran sapisan para titiyang wau inggih saged ambédakaken antawisipun leres lan lepat, kaping kalihipun, Kanjeng Nabi kedah narimah dhateng dhawuh-dhawuh ingkang saben-saben kawahyokaké dhateng panjenenganipun. Milanipun lajeng wonten pratélan kados déné ing ayat-ayat candhakipun, inggih punika pamaosipun lan klempakanipun Quran ing sagemblengipun, miwah kateranganipun ingkang cumeplos tumrap para mengsah, punika prakawis ingkang sampun katamtokaken déning Allah mesthi badhé kelampahan; Kanjeng Nabi kedahipun boten prihatos margi saking punika. Pratélan ing ngriki punika kacocogna kaliyan 20 : 113, 114 mangké rak dados cetha katrangan punika. "lan kaya mangkono anggon-Ingsun anurunaké Quran basa Arab sarta ing jeroné Ingsun amijang-mijangaké pangancam-pangancam, supaya dhèwèké padha anjaga dhiriné saka ing ala utawa supaya dadia pépéling tumrap marang dhèwèké .... Lan aja anggégé marang Quran ing sadurungé sampurna kawedharé marang sira, sarta calathua: Pangéran kawula! mugi Tuwan aparing wewah kawruh dhateng kawula." Kedah dipun pèngeti ugi bilih sareng panglawan dhateng Kanjeng Nabi saya sanget, pèpènget saya langkung cetha.

2615. Boten wonten pasaksèn ingkang langkung cetha malih ngungkuli dhawuhing ayat punika, bilih manut pangakening Quran ingkang nglempakaken ayat-ayating Quran dados surat, surat dados sagemblenging kitab, punika boten prabéda lan tumurunipun, katindakaken piyambak déning Kanjeng Nabi Suci atas tuntunananipun Pangéran. Dados Kitab Quran punika wiwit sakawit mila, kakarsakaken badhé tinata tuwin kinlempakaken dados satunggal. Tuwan Rodwell, ingkang dhateng panatanipun Quran ingkang asli, ingkang sampun urut boten patosa purun anggatosaken, nalika nafsiri ayat punika kapeksa suka katerangan makaten: "Badhéa kados pundi kémawon kita mesthi lajeng angsal pupuntoning pamanggih, bilih wiwit ing sakawit mila Muhammad sampun damel rancangan badhé ngundhangaken satunggaling Kitab ingkang sampun sinerat." Nanging dhawuhing Quran mengku suraos langkung jembar malih, inggih punika nglempakipun Quran punika badhé katindakaken kalayan sampurna atas tuntunanipun Pangéran, sarta "klempakan", punika mesthi mengku ugi bab panataning

18 Mulané samangsa iku wus Ingsun waca, lah sira turuta wacan iku.

فَإِذَا قَرَأْنَاهُ فَاتَّبِعْ قُرْآنَهُ ﴿١٨﴾

19 Tumuli, sayekti tanggungan-Ingsun anggoné nerangaké iku.

ثُمَّ إِنَّ عَلَيْنَا بَيَانَهُ ﴿١٩﴾

20 O, ananging sira iku padha anresnani urip ing donya iki,

كَلَّا بَلْ تُحِبُّونَ الْعَاجِلَةَ ﴿٢٠﴾

21 Lan anglirwakaké akhirat.

وَتَذَرُونَ الْآخِرَةَ ﴿٢١﴾

22 Ing dina iku rai-rai ana kang padha mancorong,

وُجُوهٌ يَوْمَئِذٍ نَاضِرَةٌ ﴿٢٢﴾

23 Anyawang marang Pangé-rané;[2616]

إِلَىٰ رَبِّهَا نَاظِرَةٌ ﴿٢٣﴾

24 Lan, ing dina iku, rai ana kang padha suntrut,

وَوُجُوهٌ يَوْمَئِذٍ بَاسِرَةٌ ﴿٢٤﴾

25 Padha weruh, yèn bilai gedhé ditibakaké marang dhèwèké.[2617]

تَظُنُّ أَنْ يُفْعَلَ بِهَا فَاقِرَةٌ ﴿٢٥﴾

26 O, nalikané wus tumeka ing tenggok,

كَلَّا إِذَا بَلَغَتِ التَّرَاقِيَ ﴿٢٦﴾

Ut. *juru tenungé*

27 Sarta dicalathoni: sapa *tu-kangé nambani*?[2618]

وَقِيلَ مَنْ ۜ رَاقٍ ﴿٢٧﴾

urut-urutaning pépéranganipun. Cekakipun, Quran punika boten kénging winastan kitab, manawi pépéranganipun ingkang pinten-pinten punika boten tinata kaurutaken dados satunggal. Kosokwangsulipun, manawi uruting tumurunipun dhawuh dipun anggé guru nalika nata ngurutaken pepéranganipun dhawuh, *klempakanipun* mesthi boten kapangandikakaken mligi, kadamel béda kaliyan bab prakawis *tumurunipun, kados* déné ingkang kawengku wonten ing dhawuh ingkang mungel *pamacané* punika.

2616. *Ing dina iku* punika ateges dintening kamenanganipun yakti tuwin dinten kiyamat. Tembung *anyawang marang pangérané* punika inggih anggadhahi teges warni kalih; tumrap ingkang sapisan mengku suraos nyuwun ganjaranipun dhateng Pangéran, tumrap ingkang ongka kalih punika nugraha ingkang luhur piyambak, inggih punika nyumerepi dhateng Pribadinipun Pangéran wonten ing akhirat. Kedah dipun pèngeti, nyawang dhateng Pangéran, punika boten teka lajeng ateges bilih Pangéran badhé ngaggem badhan wadhag, punika boten. Sanès mripat wadhag ingkang badhé kanggé ningali dhateng Pangéran, nanging sarana mripat ruhani ingkang badhé dipun paringaken dhateng para titiyang tulus bénjing ing dinten kiyamat.

2617. Kapèngetana bilih bilai ageng punika ugi andhawahi piyambakipun wonten ing gesang sapunika; ingkang makaten punika ugi minangka mintonaken kayektèning bilai ing akhirat.

2618. *Man Râqin* punika gadhah teges warni kalih. Sapisan dipun tegesi *sapa kang munggahi kalawan iku*?, terangipun: malaikating sih wilasa apa malaikating siksa kang munggah kalawan iku?

28 Sarta dhèwèké yakin yèn iki (wayahé) pisah,

وَّظَنَّ اَنَّهُ الْفِـرَاقُ ﴿٢٨﴾

29 Tuwin bilai (ing donya iki) dikumpulaké karo bilai (ing delahan);[2619]

وَالْتَفَّتِ السَّاقُ بِالسَّاقِ ﴿٢٩﴾

30 Ing dina iku, marang Pangéranira tujuning playu.

اِلٰى رَبِّكَ يَوْمَئِذِنِ الْمَسَاقُ ﴿٣٠﴾

RUKU' 2

Titiyang pejah sami badhé tangi

31 Dhèwèké ora gelem nampani kasunyatan sarta ora salat,[2620]

فَلَا صَدَّقَ وَلَا صَلّٰى ﴿٣١﴾

32 Ananging anggorohaké lan maléngos,

وَلٰكِنْ كَذَّبَ وَتَوَلّٰى ﴿٣٢﴾

33 Banjur lumaku marang pandhèrèké kalawan kumalungkung.

ثُمَّ ذَهَبَ اِلٰٓى اَهْلِهٖ يَتَمَطّٰى ﴿٣٣﴾

Ut. *cilaka* 34 *Cedhak* marang sira (kabilaèn) lan *cedhak* (temenan),

اَوْلٰى لَكَ فَاَوْلٰى ﴿٣٤﴾

Ut. *cilaka* 35 Manèh (saiba ta) *cedhaké* marang sira lan *cedhak* (temenan).[2621]

ثُمَّ اَوْلٰى لَكَ فَاَوْلٰى ﴿٣٥﴾

(TA-Rz). Kaping kalihipun kénging dipun tegesi: endi juru-tenungé kang saiki bisa nulak karusakan? Jalaran para titiyang wau sami kumandel sanget dhateng para jurunipun tenung tuwin para dhukun préwangan, bilih nyata sami saged nulak karisakan ingkang badhé andhawahi piyambakipun. Satunggaling juru-kidung anggubah kidung makaten:

لقد علمت والاجل الباقى ∴ ان لن يرد القدر الرواقى

"Dhemi Kang Mahamulya, Kang Langgeng, temen kowé weruh temenan yèn dhukun préwangan kang peng-pengan iku ora bisa nulak ing pepesthèn." Ingkang kula pilih teges ingkang angka kalih, awit bilai lan kasusahan ingkang kapangandikakaken punika terang manawi mengku karsa siksanipun para titiyang ingkang sami nindakaken awon nalika sami ngalami leburipun.

2619. Kateranganipun tembung *sâq* ingkang ateges bilai, kula aturi mirsani 1855. Teges punika cocog kaliyan suraosing dhawuh ing ngriki.

2620. Para mengsah kapangandikakaken kados déné tiyang satunggal, ngantos saterusipun. Punika boten ateges bilih ingkang dipun sasmitakaken ing pangandika punika satunggaling tiyang ingkang tartamtu, kados pangintenipun sawenèh tiyang saged. Pratélan kados makaten punika mathuk tumrap sadhéngah mengsah.

2621. Dipun riwayataken bilih Abu Jahl naté wicanten dhateng Kanjeng Nabi bilih panjenenganipun lan Pangéranipun boten kuwaos damel pituna punapa-punapa dhateng piyambakipun (Rz). Mengsah ingkang gumedhé punika dipun paringi pèpènget, bilih bilai sampun celak sanget. Utawi,

36 Apa manusa ngira yèn dhèwèké ditogaké baé nglambrang tanpa sedya?[2622]

أَيَحْسَبُ الْإِنْسَانُ أَنْ يُتْرَكَ سُدًى ﴿٣٦﴾

37 Apa dhèwèké mauné dudu nutfah wijining urip kang tinètèsaké

أَلَمْ يَكُ نُطْفَةً مِنْ مَنِيٍّ يُمْنَىٰ ﴿٣٧﴾

38 Banjur dadi getih anjendhel; tumuli Panjenenganè anitahaké (dhèwèké) sarta andadèkaké sampurna.

ثُمَّ كَانَ عَلَقَةً فَخَلَقَ فَسَوَّىٰ ﴿٣٨﴾

39 Banjur Panjenenganè andadèkaké iku dadi rong jinis, jinis lanang lan jinis wadon.

فَجَعَلَ مِنْهُ الزَّوْجَيْنِ الذَّكَرَ وَالْأُنْثَىٰ ﴿٣٩﴾

40 Apa Panjenenganè ora bisa anguripaké wong mati.[2623]

أَلَيْسَ ذَٰلِكَ بِقَادِرٍ عَلَىٰ أَنْ يُحْيِيَ الْمَوْتَىٰ ﴿٤٠﴾

---

tegesipun punika, *Cilaka kowé*! Ing ngriki para mufassirin sami angakeni bilih dhawuh ngantos ambal kaping kalih punika nedahaken bilih para mengsah kaancam kalayan siksa tikel kalih, inggih punika ing gesang sapunika punika tuwin ing akhirat (Rz). Menggah ing sajatos-jatosipun, siksa tikel kalih punika kapangandikakaken wonten ing sagemblengipun surat punika, kados déné ingkang sampun kula terangaken wonten ing tafsiripun ayat-ayat ingkang sampun; ing dhawuh ngriki bab prakawis punika kadhawuhaken langkung cetha malih.

2622. Dhawuh punika wigatos dhawuh anggatosaken, bilih gesang punika boten teka baèn-baèn sarta manusa punika tanggel dhateng pandamelipun – piwulang ingkang ing jaman sapunika ugi pinaiben, kados déné pamaibenipun titiyang Arab kala samanten.

2623. "Anggesangaken tiyang pejah" punika boten namung ateges gesang sasampuning pejah kémawon, nanging ugi ateges gesangipun malih bangsa ingkang sampun pejah menggahing ruhaninipun.

آياتها ٣١ (٧٦) سُورَةُ الدَّهْرِ مَكِّيَّةٌ رُكُوعَاتُهَا ٢

SURAT 76

AL-INSÂN utawi AD-DAHR

(*Manusa*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 31 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Panggayuhing kasampurnan
Ruku' 2. Golongan sanès badhé dipun degaken.

Katerangan gerban

Surat ingkang sampun, sampun anerangaken kayektènipun kiyamat ingkang ateges gesangipun ruhaniyahipun manusa; lah surat punika marsitakaken panggayuhipun manusa dhateng kasampurnan, inggih ingkang dados maksudipun ingkang sajati tumrap gesang wau. Awit saking punika, surat punika kanamakaken *Manusa*, malah tembung punika kasebut ing ayatipun ingkang wiwitan piyambak. Ruku' ingkang sapisan nerangaken kados pundi anggènipun manusa katitahaken saking kamulanipun "boten wonten", lajeng piyambakipun katedahaken dhateng margining kasampurnan. Salajengipun katerangaken bilih tumrap panggayuhing kasampurnan, punika wonten tataran kalih. Tataran ingkang sapisan nyirep babar pisan sadaya tumiyungipun dhateng awon utawi tataran kagayuhipun suci saking dosa; nanging punika sanès pantoging purug ingkang kedah katuju déning para ingkang sami lalampah wonten ing margining ruhani. Déné pantoging purug wau taksih wonten ing ngrikanipun malih. Lah inggih punika ingkang wonten ing panggènan sanès katembungaken "margi ingkang nyengkrèk" sarta ingkang wonten ing ngriki kasasmitakaken kalayan cekak. Ingkang sami lalampah kedah samekto ngrampungi damel sakalangkung déning angèl tuwin nindakaken pandamel pangurbanan wonten ing margining Allah ingkang ngédab-édabaken. Tataraning kasampurnan warni kalih wau, ingkang satunggal sinebut *kâfûr,*déné satunggalipun sinebut *zanzabîl.* Ruku' ingkang kaping kalih nerangaken, manawi para ingkang dipun pangandikani Kanjeng Nabi punika boten sami purun nampèni wasitanipun lan sami purun ambudidaya badhé anggayuh kasampurnan ingkang kasuprih déné Kanjeng Nabi supados samia anggayuh, Allah mesthi badhé yasa umat ingkang kadhawuhan anggentosi para titiyang wau; jalaran Quran, punika rèhning wahyuning Allah ingkang Maha Luhur ingkang sampurna, mesthi inggih badhé kadumugèn sedyanipun ingkang katuju. Déné sedya wau boten sanès kajawi mamrih ing manusa sageda anggayuh kasampurnan.

RUKU' 1

Panggayuhing kasampurnan

1-4. Dumadosing manusa sarta panedah dhateng margi leres. 5-16. Kasampurnan tataran wiwitan; ing ngriku awon dipun tindhes. 17-37. Kasampurnan tataran kaping kalih; ing ngriku satuhu manusa adamel saé.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Temen wus tumeka marang manusa sawijining waktu, nalikané dhèwèké dudu barang kang kocap.

هَلْ اَتٰى عَلَى الْاِنْسَانِ حِيْنٌ مِّنَ الدَّهْرِ لَمْ يَكُنْ شَيْـًٔا مَّذْكُوْرًا ۝1

Ut. *pilih angungkuli titah liyané*

2 Sayekti Ingsun anitahaké manusa saka nutfah kang campur: Dhèwèké *bakal* Ingsun *coba*, mulané Ingsun dadèkaké bisa ngrungu, bisa andeleng.

اِنَّا خَلَقْنَا الْاِنْسَانَ مِنْ نُّطْفَةٍ اَمْشَاجٍ ۖ نَّبْتَلِيْهِ فَجَعَلْنٰهُ سَمِيْعًاۢ بَصِيْرًا ۝2

Ut. *angarepi angemohi*

3 Sayekti Ingsun anuduhaké dalané, apa dhèwèké arep *sukur* apa arep *angafiri,* sakarepé.[2624]

اِنَّا هَدَيْنٰهُ السَّبِيْلَ اِمَّا شَاكِرًا وَّ اِمَّا كَفُوْرًا ۝3

4 Sayekti, Ingsun anyadhiyakaké ranté lan balenggu sarta geni murub tumrap para kafir.[2625]

اِنَّآ اَعْتَدْنَا لِلْكٰفِرِيْنَ سَلٰسِلَا۠ وَاَغْلٰلًا وَّ سَعِيْرًا ۝4

5 Sayekti, para wong tulus padha ngombé saka pinggan kang campurané kafur,[2626]

اِنَّ الْاَبْرَارَ يَشْرَبُوْنَ مِنْ كَاْسٍ كَانَ مِزَاجُهَا كَافُوْرًا ۝5

2624. Margi ingkang leres sampun ketedahaken kalayan cetha awéla-wéla; gumanthung ing manusa piyambak, punapa piyambakipun purun ngambah margi wau, dadosipun nama purun ngaturaken panuwun, punapa nebihi margi wau, nama boten purun ngaturaken panuwun. Utawi teges ingkang kasebut wonten ing margin punika ugi kénging dipun anggé.

2625. Kados pundi gathukipun ranté-ranté punika kaliyan pandamelipun manusa piyambak, katranganipun kula aturi mirsani 2559.

2626. Tembung *kafur*, punika manawi dipun anggé tumrap prakawis ingkang gagandhèngan kaliyan kawontenanipun tiyang tulus, punika ririmbagan saking tembung kafr, tegesipun nutupi utawi nyirep. Déné maksudipun: nyirnakaken babar pisan katresnan donya saha nyirep ingkang kalayan sampurna sawarnining pépénginan donya tumrap para titiyang ingkang sampun necep pingganing katresnan dhateng Allah, tuwin kalayan setya tuhu lan ikhlas medhot saking sawarnining sasambetan sanèsipun. Tiyang, punika manawi saya tumiyung dhateng Allah mesthi inggih saja tebih saking pépénginan ingkang asor; milanipun tiyang tulus, ingkang ngemungaken dhateng Allah suméndhénipun, punika manahipun mesthi suci saking hawa nafsu ingkang murub angalad-alad, sarta pépénginanipun ingkang asor dados sirep babar pisan lir péndah wisa sirna déning kapur barus (camphor).

6 Tuk, kang dadi ombèn-ombèné para kawulaning Allah; dhèwèké padha angilèkaké iki kalawan ili (kang becik).

عَيْنًا يَّشْرَبُ بِهَا عِبَادُ اللّٰهِ يُفَجِّرُوْنَهَا
تَفْجِيْرًا ﴿٦﴾

7 Dhèwèké padha anetepi ubaya sarta wedi marang dina, kang alané sumebar angambra-ambra.

يُوْفُوْنَ بِالنَّذْرِ وَ يَخَافُوْنَ يَوْمًا
كَانَ شَرُّهٗ مُسْتَطِيْرًا ﴿٧﴾

8 Sarta awèh pangan, amarga saka tresnané ing Panjenengané, marang wong miskin sarta bocah yatim apa déné wong tawanan:

وَ يُطْعِمُوْنَ الطَّعَامَ عَلٰى حُبِّهٖ مِسْكِيْنًا
وَّ يَتِيْمًا وَّ اَسِيْرًا ﴿٨﴾

9 Anggonku awèh pangan marang kowé iku mung karana Allah, sarta ora angarep-arep piwales sarta panarima saka ing kowé:

اِنَّمَا نُطْعِمُكُمْ لِوَجْهِ اللّٰهِ لَا نُرِيْدُ
مِنْكُمْ جَزَآءً وَّ لَا شُكُوْرًا ﴿٩﴾

10 Sayekti aku iki padha wedi marang Pangéranku tumrap dina kang kebak bilai lan kasusahan.

اِنَّا نَخَافُ مِنْ رَّبِّنَا يَوْمًا عَبُوْسًا
قَمْطَرِيْرًا ﴿١٠﴾

11 Mulané Allah bakal angayomi dhèwèké saka alaning iku sarta andadèkaké dhèwèké nemu kepènak lan seneng,

فَوَقٰهُمُ اللّٰهُ شَرَّ ذٰلِكَ الْيَوْمِ وَ
لَقّٰهُمْ نَضْرَةً وَّ سُرُوْرًا ﴿١١﴾

12 Sarta aparing ganjaran taman lan sutra marang dhèwèké, amarga saka anggoné padha sabar,

وَ جَزٰىهُمْ بِمَا صَبَرُوْا جَنَّةً وَّ حَرِيْرًا ﴿١٢﴾

Ar. *ana ing kono ora*

13 Ana ing kono padha aléléyangan ana ing katil dhuwur: *ora* andeleng (panasing) srengéngé sarta adem kang anjekut.

مُّتَّكِـِٕيْنَ فِيْهَا عَلَى الْاَرَآئِكِ لَا
يَرَوْنَ فِيْهَا شَمْسًا وَّ لَا زَمْهَرِيْرًا ﴿١٣﴾

14 Lan ayomé angeyubi dhèwèké sarta woh-wohé dipantiyungaké acedhak, gampang rinanggèh,

وَ دَانِيَةً عَلَيْهِمْ ظِلٰلُهَا وَ ذُلِّلَتْ
قُطُوْفُهَا تَذْلِيْلًا ﴿١٤﴾

Tumrap kamajenganipun ruhani manusa, ingkang makaten punika saweg tataran ingkang wiwitan; awit manusa boten saged minggah dhateng tataraning kasampurnan ruhani ingkang langkung inggil malih, manawi piyambakipun dèrèng saged nyirep ingkang kalayan ambabar pisani tumiyungipun dhateng awon. Suci ing dosa, punika miturut Quran Suci, sanès pantoging kasampurnan, nanging saweg tataran ingkang sapisan tumraping margi ingkang ngener dhateng pantog wau.

وَيُطَافُ عَلَيْهِم بِآنِيَةٍ مِّن فِضَّةٍ وَأَكْوَابٍ كَانَتْ قَوَارِيرَا ﴿١٥﴾

15 Sarta dilarihi nganggo wadhah salaka tuwin pinggan kang bakalé gedhah,

قَوَارِيرَا مِن فِضَّةٍ قَدَّرُوهَا تَقْدِيرًا ﴿١٦﴾

16 (Bening kaya) gedhah kang bakalé salaka; ukurané manut ukuran.[2627]

وَيُسْقَوْنَ فِيهَا كَأْسًا كَانَ مِزَاجُهَا زَنجَبِيلًا ﴿١٧﴾

17 Lan ana ing kono diparingi ombèn kang campurané jaé,[2628]

عَيْنًا فِيهَا تُسَمَّىٰ سَلْسَبِيلًا ﴿١٨﴾

18 (Saka) sumberan ing kono kang dijenengaké Salsabil.

وَيَطُوفُ عَلَيْهِمْ وِلْدَانٌ مُّخَلَّدُونَ إِذَا رَأَيْتَهُمْ حَسِبْتَهُمْ لُؤْلُؤًا مَّنثُورًا ﴿١٩﴾

19 Nonoman kang tetep enomé[a] (kang) bakal anglarihi dhèwèké; iki, yèn kosawang, *prasasat* mutiara sinebar.[2629]

a. 2360

Ar. *kowé ngira dhèwèké*

وَإِذَا رَأَيْتَ ثَمَّ رَأَيْتَ نَعِيمًا وَمُلْكًا كَبِيرًا ﴿٢٠﴾

20 Samangsa sira andeleng ing kono, sira andulu sarwa-nugraha sarta karaton kang gedhé.[2630]

2627. Terangipun, satunggal-satunggaling tiyang badhé angsal punika manut wawrating pandamelipun.

2628. *Zanjabîl* punika camboraning tembung *zana-a* tuwin tembung *jabal*. Pérangan ingkang sapisan ateges minggah, ingkang angka kalih redi. Dados tembung camboran *zanjabîl* punika tegesipun minggah redi. Lah samangké kawuningana; wiwit nandhang sakit sanget margi ketaman ing sasakit ingkang mawa wisa, dumugi wangsul pulih waluya jati, punika wonten tataran kakalih. Ing tataran ingkang wiwitan, wijining wisa kasirnakaken babar pisan, kimatipun sasakit ingkang anggigirisi suda-suda, babaya ingkang ngancam gesang sirna. Nanging ringkihipun margi nandhang sakit, dèrèng saged ical sasarengan kaliyan icalipun wisa. Milanipun samangsa tiyang ingkang sakit wau pulih kakiyatanipun, wangsul waluya jati, punika nama ngambah tataran ingkang kaping kalih. Badanipun seger malih lan kiyat, piyambakipun boten namung wonten ing papan ingkang radin kémawon keconggahipun lumampah kalayan jejeg, nanging dalasan minggah redi ingkang andeder piyambakipun wantun lan kiyat, sarta kalayan gembira lan seneng piyambakipun minggah ngantos mencit tanpa mawi ajrih-ajrih. Pangéran Ingkang-Mahaluhur mangandikakaken bab tiyang ingkang tulus sayektos, bilih sami kaparingan ombèn-ombèn pinggan ingkang cinampuran *zanjabil*, punika ingkang dipun karsakaken inggih tataran punika. Déné terangipun, sasampunipun para tulus sami angsal kakiyatan ruhani ingkang anyekapi, para tulus wau lajeng kawasa nginggahi margi ing paredèn ingkang nyengkrèk andeder, saged ngrampungi ing damel tumrap pandamelan ingkang sakalangkung déning angèl, tuwin nindakaken pandamel pangurbanan ingkang angédab-édabaken wonten ing marginipun Allah. Gagandhèngan kaliyan bab prakawis punika, perlu dipun èngeti ugi bilih *zanjabil* (*jaé*) punika oyodipun satunggaling tataneman ingkang sakalangkung migunani sanget kanggé mewahi angeting badan. Dipun namakaken makaten wau ingkang katuju anggènipun gadhah daya makaten punika, jalaran jaé makaten suka kakiyatan saha ngangetaken badan ingkang ringkih, ngantos kados déné anjalari ing tiyang saged minggah andeder.

2629. Bab prakawis tegesipun *mukhalladun*, mirsanana 2430. Éwah gingsir lan risak, punika wontenipun namung ing gesang sapunika punika.

2630. Karaton ageng kaparingaken dhateng para sahabatipun Kanjeng Nabi Suci wonten ing gesang sapunika punika.

21 Dhèwèké dienggon-enggoni sandhangan sutra alus ijo sarta sutra kandel sinulam benang mas, apa déné bakal rinengga ing gelang salaka, lan Pangérané aparing ngombé dhèwèké ombèn-ombèn kang suci.[2631]

عٰلِيَهُمْ ثِيَابُ سُنْدُسٍ خُضْرٌ وَّ
اِسْتَبْرَقٌ ۫ وَّ حُلُّوْٓا اَسَاوِرَ مِنْ
فِضَّةٍ ۚ وَ سَقٰىهُمْ رَبُّهُمْ شَرَابًا طَهُوْرًا ﴿٢١﴾

22 Sayekti iki pituwas tumrap marang sira, lan budi-dayamu bakal winales.

اِنَّ هٰذَا كَانَ لَكُمْ جَزَآءً وَّ كَانَ
سَعْيُكُمْ مَّشْكُوْرًا ﴿٢٢﴾

RUKU' 2

Turunan sanès badhé dipun degaken

23 Sayekti, Ingsun andhawuhaké Quran marang sira kalawan dhu-mawuh saka sathithik.

اِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا عَلَيْكَ الْقُرْاٰنَ
تَنْزِيْلًا ﴿٢٣﴾

24 Mulané disabar angentèni pancasaning Pangéranira,[2632] sarta aja manut marang wong dosa utawa wong kang ora weruh ing panarima ing antarané dhèwèké.

فَاصْبِرْ لِحُكْمِ رَبِّكَ وَ لَا تُطِعْ
مِنْهُمْ اٰثِمًا اَوْ كَفُوْرًا ﴿٢٤﴾

25 Lan élinga marang asmaning Pangéranira ésuk lan soré.

وَ اذْكُرِ اسْمَ رَبِّكَ بُكْرَةً وَّ اَصِيْلًا ﴿٢٥﴾

26 Sarta sujuda marang Panjenengané ing sapéranganing wengi, tuwin mahasucékna Panjenengané ing (sapéranganing) wengi kang suwé.

وَ مِنَ الَّيْلِ فَاسْجُدْ لَهٗ وَ سَبِّحْهُ
لَيْلًا طَوِيْلًا ﴿٢٦﴾

Ut. *kang owah gingsir*

Ut. *nusahaké*

27 Sayekti, dhèwèké iki padha dhemen marang *kauripan donya iki* lan anglirwakaké dina kang *abot* ing pamburiné.

اِنَّ هٰٓؤُلَآءِ يُحِبُّوْنَ الْعَاجِلَةَ وَ
يَذَرُوْنَ وَرَآءَهُمْ يَوْمًا ثَقِيْلًا ﴿٢٧﴾

2631. Wontenipun ing donya ngriki sami gesang suci, milanipun wonten ing akhirat sami badhé angsal ombèn-ombèn ingkang suci.

2632. Punika anedahaken bilih nugraha ingkang kasebutaken wonten ing ruku' ingkang sampun, punika badhé wonten ugi gumelaripun wonten ing gesang sapunika punika. Pancasaning Pangéran badhé adamel ambrukipun sagolongan lan badhé anjumenengaken golongan sanèsipun.

28 Ingsun anitahaké dhèwèké sarta Ingsun anguwataké kadadéané, lan samangsa Ingsun angarsakaké, bakal Ingsun salini kaum sapadhané dhèwèké.[2633]

نَحْنُ خَلَقْنَٰهُمْ وَشَدَدْنَآ أَسْرَهُمْ ۖ وَإِذَا شِئْنَا بَدَّلْنَآ أَمْثَٰلَهُمْ تَبْدِيلًا ﴿٢٨﴾

29 Sayekti, iki pépéling, mulané sapa sing gelem, angalap dadalan marang Pangérané.

إِنَّ هَٰذِهِۦ تَذْكِرَةٌ ۖ فَمَن شَآءَ ٱتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ سَبِيلًا ﴿٢٩﴾

30 Lan ora bakal sira gelem, kajaba yèn Allah angarsakaké;[2633A] sayekti, Allah iku Angudanèni, Wicaksana.

وَمَا تَشَآءُونَ إِلَّآ أَن يَشَآءَ ٱللَّهُ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَلِيمًا حَكِيمًا ﴿٣٠﴾

2633. Ayat ingkang sampun nyebutaken dinten ingkang nusahaken, ayat punika nyebutaken umat sanès badhé dipun dadosaken gegentos; cetha manawi piweca tumrap ing gesang sapunika. Inggih awit saking punika mila wonten ing ayat sambetipun, ingkang makaten wau kasebut pèpènget.

2633A. Nitik suraosing dhawuh, terang manawi ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika para angèstu. Ayat ingkang sampun nyebutaken bilih *sapa sing gelem, angalap dadalan marang Pangérané*; ayat candhakipun mangandikakaken para angèstu: *Panjenengané anglebokaké sapa sing dadi karsa-Né marang sajeroné wilasa-Né*. Suraosipun: rèhning para angèstu ingkang sajati saha murni punika sampun sumarah ingkang kalayan ambabarpisani dhateng karsanipun Pangéran, sarta sampun suméndhé sayektos, mila piyambakipun punika sampun boten gadhah kakajengan piyambak, sarta sadaya pépénginanipun sarwa laras kaliyan kaparenging karsanipun Allah. Inggih awit saking punika mila para angèstu wau sami kalebetaken dhateng wilasanipun Pangéran.

Nadyan dipun anggepa pratélan umum, tegesipun ingkang sajatos dhawuh wau meksa terang. Surat punika binukanan kalayan pratélan ingkang terang gamblang makaten: *Sayekti ingsun anuduhaké dalané apa dhèwèké arep sukur apa arep angafiri, sakarepé*. Dados manusa makaten boten kok dipun peksa déning Pangéran supados nganggé margi salah satunggal ingkang tartamtu, awon utawi saé, punika boten. Wekasaning surat inggih terang: *Sayekti iki pépéling, mulané sapa sing gelem, angalap dadalan marang Pangérané*. Suprandéné nadyan sampun wonten pratélan ingkang terang gamblang wau, meksa wonten pangandika malih: *Lan ora bakal sira gelem kajaba yèn Allah angarsakaké*; punika rak sami kémawon kaliyan andhawuhaken bilih *pamilihipun manusa punika mesthi atanpa guna manawi boten dados karsanipun Allah*. Prakawis angka satunggal ingkang kedah dipun èngeti inggih punika ayat kakalih jèjèr boten saged jèn ta acecengkahana. Ayat angka 29 sampun cetha lan gumathok, bilih manusa punika boten kapeksa nganggé satunggaling margi: *Sapa sing gelem, angalap dadalan marang Pangérané*. Awit saking punika dhawuh sambetipun pratélan punika, boten saged yèn ta dipun werdèni ingkang ngantos ngorakaken (saking lingga ora) pratélan ingkang rumiyin. Pantes pinèngetan ugi, pangandika ingkang mèh sami tetembunganipun kaliyan punika kesebutaken malih wonten ing surat 81, sarta ing ngriku ugi karumiyinan kalayan dhawuh saminipun ingkang wonten ing ngriki punika. Ing 81 wau ayat angka 27 lan 28 makaten: *iku ora lija kajaba pépéling tumrap sakèhing bangsa-bangsa, tumrap sapa-sapa ing antaranira kang kepéngin alaku becik.* Dhawuh pangandika punika kasambetan dhawuh pratélan: *Lan ora bakal sira padha kapéngin, kajaba yèn Allah, Pangéraning ngalam kabèh, angarsakaké* (81 : 29).

Dhawuh ambalan-ambalan punika amratandhani bilih dhawuh ingkang mungel *sapa sing gelem angalap dadalan marang Pangérané* punika boten kénging dipun supèkaken samangsa merdèni dhawuh pratélan ingkang mungel *ora bakal sira gelem kajaba yèn Allah angarsakaké.* Menggah ing sajatos-jatosipun pratélan ingkang angka kalih punika kawengku déning ingkang sapisan, lan inggih sebab saking punika déné ngantos ambal kaping kalih pratélan ingkang angka kalih wau karumiyinan ing pratélan ingkang sapisan. Kalayan gampil kula sadaya saged nyumerepi bilih wonten prakawis

31 Panjenengané anglebokaké sapa sing dadi karsa-Né marang sajroning wilasa-Né; lan tumrap marang nganiaya Panjenengané anyedhiyakaké siksa kang nglarani.

يُدْخِلُ مَنْ يَشَاءُ فِي رَحْمَتِهِ ۚ
وَالظَّالِمِينَ أَعَدَّ لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿٣١﴾

kakalih ingkang kabetahaken kanggé nuntun manusa: sapisan, pèpènget wau katampi déning manusa. Saupami boten wonten keparenging Allah anurunaken pèpènget, yekti manusa boten saged gadhah pamilih punapa-punapa. Lah inggih punika ingkang dipun karsakaken ing dhawuh *ora bakal sira gelem kajaba yèn Allah angersakaké* punika; terangipun, pamilihipun manusa nganggé margi ingkang pundi kémawon mesthi atanpa guna, manawi Allah boten langkung rumiyin kepareng nedahaken margi tuwin nurunaken pèpènget.

Perlu katerangaken pisan bilih ing Quran Suci sawarnining barang saé punika kasebut asli saking Allah. Kadosta wonten dhawuh ingkang makaten: “Sabarang becik kang tumeka ing sira, o, manusa!, lah iku saka ing Allah, lan sabarang ala kang tumeka ing sira, lah iku saka ing sira dhéwé” (4 : 79). Pangandikanipun Kanjeng Nabi Ibrahim kasebutaken makaten: “sarta manawa aku lara lah Panjenengané iku ingkang maringi waras aku” (26 : 80); ing ngriku Kanjeng Nabi Ibrahim mastani sasakit punika asal saking pandamelipun piyambak, nanging *nyarasaken,* sinebut saking Allah. Dados, nadyan dhawuh ingkang saweg karembag punika dipun suraos pisan mengku teges bilih pamilihing manusa nampèni pèpènget punika boten kelampahan wonten manawi boten atas keparengipun Allah, pratélan makaten punika meksa namung mengku teges, bilih kasaénan ingkang kagayuh ing manusa wau, winastan saking Allah. Mirsanana ugi 2650A.

سُوْرَةُ الْمُرْسَلٰتِ مَكِّيَّةٌ (٧٧) اٰيَاتُهَا ٥٠ رُكُوْعَاتُهَا ٢

SURAT 77

AL-MURSALÂT

(*Ingkang kautus*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 50 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Temahanipun angemohi.
Ruku' 2. Temahanipun angemohi – tutugipun.

Katerangan gerban

Surat punika kénging winastan wewahanipun surat ingkang sampun, awit bab ingkang katerangaken wonten ing surat ingkang sampun punika: kados pundi anggènipun para tulus anggayuh kasampurnan – margi piyambakipun punika sami purun nampèni ayahan – déné ing surat punika ingkang kacethakaken bab nasibipun para titiyang ingkang sami angemohi. *Kang Kautus* punika para rusul (utusan); manawi ayahan ingkang kaampil dipun emohi, mesthi badhé mahanani temahan kang awon. Tembung *Al-Mursalât* utawi *Ingkang kautus* ingkang kasebut wonten ing ayat ingkang wiwitan piyambak, punika lajeng kanggé namakaken surat punika.

Kirang langkung ing taun ingkang kaping sakawan ing sasampunipun Kanjeng Nabi jumeneng dados Utusan, tumurunipun surat punika.

RUKU' 1

Temahanipun angemohi

1-6. Para utusan kautus, supados anucèni sarta aparing pèpènget. 7-40. Tiyang ingkang angemohi dipun pidana.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

a. 2099

1 Amramanakna[a] para kang di-utus kalawan (anggawa) kabecikan,

وَالْمُرْسَلٰتِ عُرْفًا ۙ ١

2 Tumuli para kang padha am-buncang cangkok (panggorohan),

فَالْعٰصِفٰتِ عَصْفًا ۙ ٢

Ut. *anguripaké, nyegeraké*

3 Sarta para kang *anyebaraké* (*wijining kabecikan*),

وَّالنّٰشِرٰتِ نَشْرًا ۙ ٣

4 Tuwin kang padha anyilah-nyilahaké,

فَالْفٰرِقٰتِ فَرْقًا ۙ ٤

5 Apa déné para kang padha awèh pépéling,

فَالْمُلْقِيٰتِ ذِكْرًا ۝٥

6 Kanggo anucèni utawa apépéling:

عُذْرًا أَوْ نُذْرًا ۝٦

7 Sayekti, apa kang diancamaké marang sira, temen bakal kalakon.[2634]

إِنَّمَا تُوعَدُونَ لَوَاقِعٌ ۝٧

Ut. *ilang soroté*

8 Lah, samangsa lintang-lintang wus *disirnakaké*,

فَإِذَا النُّجُومُ طُمِسَتْ ۝٨

9 Lan samangsa langit wus sinigar,

وَإِذَا السَّمَآءُ فُرِجَتْ ۝٩

10 Lan samangsa gunung-gunung wus binuncang kaya lebu,[2635]

وَإِذَا الْجِبَالُ نُسِفَتْ ۝١٠

2634. Kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing 2099, sumpah punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng sawenèh wutah gumelaring kawontenan ingkang sampun boten kénging pinaiben malih, ingkang mangka kanggé pipiridan dumugining wosing rembag. Déné tumrap ing ngriki, ingkang dados wos: barang ingkang kaancamaken dhateng mengsah, inggih punika leburipun mengsah (kados déné ingkang kasebutaken wonten ing ayat 12), punika boten kénging boten mesthi badhé kelampahan saèstu. Déné sisifatan ingkang katerangaken wonten ing nem ayat ingkang wiwitan, punika mathuk tumrap para andika nabi ingkang mengsah-mengsahipun inggih dipun lebur. Bab punika cethanipun nithik ing ayat 11 kasebutaken bilih para rasul punika sami tinamtu ing wanci, ingkang tegesipun titimangsaning leburipun para mengsah-mengsahipun rasul-rasul wau. Para mengsahipun Kanjeng Nabi Suci sami kadhawuhan supados sami nglimbang-nglimbang kados pundi anggènipun para andika nabi ingkang sampun-sampun sami mencaraken yakti. Ing ayat ingkang sapisan para utusan wau kapangandikakaken kautus kalayan ambekta *ma'ruf*, *kasaénan*. Ing ayat ingkang angka kalih, kalayan "ambuncang cangkok" panggorohan ingkang wonten ing ngajengipun. Ing ayat ingkang angka tiga, kalayan nyebar-nyebaraken wijining kasaénan utawi anggesangaken bumi ingkang pejah. Ing ayat angka sakawan, ing wasananipun saged anjumenengaken panyilah (*farq* utawi *furqâan*) ingkang anyilahaken antawising kasanyutan lan panggorohan, sarta sami maringi pèpènget bilih sagolongan wonten ingkang kénging pinuwung lan sagolongan malih dipun pèpèngeti. Panglimbang-limbang bab prakawis para andika nabi ingkang sampun-sampun makaten punika, kedahipun mahanani para mengsah lajeng angsal pupuntoning pamanggih, bilih rèhning angger-anggering Pangéran kados ingkang tumindak nalika jamanipun para nabi wau ugi tumindak tumrap Kanjeng Nabi Suci, mila leburipun para mengsah wau rak inggih prakawis ingkang sampun mesthi kelampahanipun, boten prabéda lan ingkang kasandhang déning para titiyang ing sadèrèngipun ingkang sami mengsahi nabi-nabinipun.

2635. Lintang-lintang sami sirna (ayat 8), punika tumrap bangsa Arab tandha badhé dhumawahing bilai (2371). Langit sigar (ayat 9) ugi nedahaken ingkang makaten wau, awit langit punika kaanggep pangayoman. Kula aturi mirsani 21 : 32, *Lan Ingsun wus andadèkaké langit minangka payon kang rineksa.* Lan mirsanana 2593. Redi-redi binuncang, tegesipun sirnaning titiyangipun ageng saking ing antawisipun para titiyang wau, mangka titiyang ageng wau sami dipun tedhani pangayoman samangsa sami nandhang kasusahan. Kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat candhakipun, sadaya wau kelampahanipun manawi sampun dumugi titining mangsanipun para andika rasul, inggih punika samangsa sampun dumugi wahyaning masakalanipun leburing para mengsahipun.

11 Lan samangsa para utusan ginawé wus tumeka wayahé kang tinamtokaké,	وَإِذَا الرُّسُلُ أُقِّتَتْ ۝١١
12 Marang dina endi pancasan iku tinamtokaké?	لِأَيِّ يَوْمٍ أُجِّلَتْ ۝١٢
13 Marang dina putusan.	لِيَوْمِ الْفَصْلِ ۝١٣
14 Lan apa kang ngertèkaké ing sira, dina putusan iku apa?	وَمَا أَدْرَاكَ مَا يَوْمُ الْفَصْلِ ۝١٤
15 Bilai ing dina iku tumrap wong kang padha anggorohaké.	وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِلْمُكَذِّبِينَ ۝١٥
16 Apa Ingsun ora wus anglebur umat kang dhisik-dhisik?	أَلَمْ نُهْلِكِ الْأَوَّلِينَ ۝١٦
17 Banjur Ingsun tungka umat kang kèri-kèri.	ثُمَّ نُتْبِعُهُمُ الْآخِرِينَ ۝١٧
18 Para wong dosa bakal Ingsun gawé kaya mangkono uga.	كَذَٰلِكَ نَفْعَلُ بِالْمُجْرِمِينَ ۝١٨
19 Bilai ing dina iku tumrap wong kang padha anggorohaké.[2636]	وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِلْمُكَذِّبِينَ ۝١٩
20 Apa sira iku ora Ingsun titahaké saka banyu kang ina?	أَلَمْ نَخْلُقْكُمْ مِنْ مَاءٍ مَهِينٍ ۝٢٠
21 Banjur Ingsun papanaké ana ing palereman kang aman,	فَجَعَلْنَاهُ فِي قَرَارٍ مَكِينٍ ۝٢١
22 Tumeka mangsa kang tinamtu.	إِلَىٰ قَدَرٍ مَعْلُومٍ ۝٢٢
23 Lan Ingsun anamtokaké ukurané – saiba ta sampurnané anggon-Ingsun anamtokaké ukurané samubarang.	فَقَدَرْنَا فَنِعْمَ الْقَادِرُونَ ۝٢٣

2636. Kula aturi mèngeti tetembunganipun ayat punika lan ayat titiga ingkang sampun, kirang cetha punapa. Turunan utawi bangsa ingkang sampun-sampun sami dipun lebur, margi saking durakanipun, turunan sanès dipun tetepaken dados gegentosipun. Nasib kados makaten punika ugi mesthi badhé dipun sandhang déning para titiyang Makkah ingkang duraka. Dinten leburipun, punika dinten pancasan.

24 Bilai ing dina iku tumrap wong-wong kang anggorohaké.

وَيْلٌ يَّوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِيْنَ ۝٢٤

25 Apa Ingsun ora andadèkaké bumi kanggo angumpulaké.

اَلَمْ نَجْعَلِ الْاَرْضَ كِفَاتًا ۝٢٥

26 Kang urip lan kang mati,[2637]

اَحْيَآءً وَّ اَمْوَاتًا ۝٢٦

27 Lan andadèkaké ana ing kono gunung kang dhuwur-dhuwur sarta Ingsun aparing ngombé sira banyu tawa?

وَّ جَعَلْنَا فِيْهَا رَوَاسِيَ شٰمِخٰتٍ وَّ اَسْقَيْنٰكُمْ مَّآءً فُرَاتًا ۝٢٧

28 Bilai ing dina iku tumrap wong-wong kang anggorohaké.

وَيْلٌ يَّوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِيْنَ ۝٢٨

29 Lungaa marang apa kang sira gorohaké.

اِنْطَلِقُوْٓا اِلٰى مَا كُنْتُمْ بِهٖ تُكَذِّبُوْنَ ۝٢٩

30 Lungaa marang aling-aling kang acawang telu,

اِنْطَلِقُوْٓا اِلٰى ظِلٍّ ذِيْ ثَلٰثِ شُعَبٍ ۝٣٠

31 Ora angayomi lan ora maédahi tumrap panulaké urubing geni.

لَّا ظَلِيْلٍ وَّلَا يُغْنِيْ مِنَ اللَّهَبِ ۝٣١

Ut. *wit gedhé*

32 Sayekti, iku anyipratakė paletik prasasat *kadhaton.*

اِنَّهَا تَرْمِيْ بِشَرَرٍ كَالْقَصْرِ ۝٣٢

Ut. *wit kurma*

33 Iku kaya déné *unta* kuning.[2638]

كَاَنَّهٗ جِمٰلَتٌ صُفْرٌ ۝٣٣

2637. Punika anedahaken bilih sadaya manusa wadhag, punika pejah punapa gesang sami kémawon, mesthi tetep wonten ing bumi; dados pangandel bilih Kanjeng Nabi Isa minggah dhateng langit sap ingkang kaping sakawan, punika pangandel klèntu.

2638. Kathah èmperipun cawang titiga aling-alinging naraka, punika ingkang dipun karsakaken sisifatan tigang prakawis ingkang kasebutaken wonten ing ayat-ayat sambetipun. Ing dhawuh ngriki sinebut *dzill,* ingkang limrahipun ateges *ayang-ayangan,* nanging ambok manawi kémawon langkung cèples kaliyan suraosing dhawuh manawi dipun tegesi *aling-aling* (naraka). Déné sisifatan tigang warni wau inggih punika: *boten angayomi, boten saged nulak urub* lan *malah anyiprataken pletik* ظل الشئ tegesipun *barang ingkang dipun anggé ngaling-alingi utawi ngayomi satunggaling barang* (M-LL). فلان يعيش فى ظل فلان Mila ukara punika lajeng ateges *Si Suta uripé ana ing pangayomané si Naya* (S, Q, Msb-LL). Dados barang ingkang pancènipun kénging dipun anggé pangayoman déning para titiyang wau tétéla manawi atanpa guna (boten saged angayomi) tuwin ugi boten saged nulak bilai malah kapara dados tuking kasusahan. Pletik kasanépakaken kados déné *qasr*, *kadhaton* tuwin *unta* ingkang ulesipun *kuning*, punika mengku teges bilih katresnan ingkang langkung ing wates dhateng barang-barang wau, ingkang badhé maujud dados pletik bénjing ing dinten kiyamat.

34 Bilai ing dina iku tumrap wong-wong kang anggorohaké.

وَيْلٌ يَّوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِيْنَ ﴿٣٤﴾

35 Iki dina sing dhèwèké ora bakal guneman.

هٰذَا يَوْمُ لَا يَنْطِقُوْنَ ﴿٣٥﴾

36 Lan idin ora bakal diparing-aké marang dhèwèké, mulané pra-saben alangan.

وَلَا يُؤْذَنُ لَهُمْ فَيَعْتَذِرُوْنَ ﴿٣٦﴾

37 Bilai ing dina iku tumrap wong-wong kang anggorohaké.

وَيْلٌ يَّوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِيْنَ ﴿٣٧﴾

38 Iki dina pancasan: Ingsun angumpulaké sira karo umat kang dhisik-dhisik.

هٰذَا يَوْمُ الْفَصْلِ جَمَعْنٰكُمْ وَالْاَوَّلِيْنَ ﴿٣٨﴾

39 Lah manawa sira duwé upaya, tamakna upayanira marang Ingsun.[2639]

فَاِنْ كَانَ لَكُمْ كَيْدٌ فَكِيْدُوْنِ ﴿٣٩﴾

40 Bilai ing dina iku tumrap wong-wong kang anggorohaké.

وَيْلٌ يَّوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِيْنَ ﴿٤٠﴾

RUKU' 2

Temahanipun angemohi

41 Sayekti para kang anjaga dhiriné (saka ing ala) (bakal dumu-nung) ing (panggonan kang) ayom lan akèh sumber-sumberané.

اِنَّ الْمُتَّقِيْنَ فِيْ ظِلٰلٍ وَّعُيُوْنٍ ﴿٤١﴾

42 Sarta wowohan, endi kang dikapéngini.

وَّفَوَاكِهَ مِمَّا يَشْتَهُوْنَ ﴿٤٢﴾

43 Padha mangana lan ngombéa kalawan énak, amarga saka apa kang wus padha sira lakoni.

كُلُوْا وَاشْرَبُوْا هَنِيْٓـًٔا بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُوْنَ ﴿٤٣﴾

44 Sayekti kaya mangkono iku anggon-Ingsun angganjar wong-wong kang nglakoni kabecikan.

اِنَّا كَذٰلِكَ نَجْزِي الْمُحْسِنِيْنَ ﴿٤٤﴾

2639 . Sampun wiwit jaman wiwitan mila (kados jaman tumuruning dhawuh punika) para mengsah tinantang ngecakaken upayanipun dhateng kanjeng Nabin Suci. *Kaid* ugi ateges *perang* utawi *campuhan* dados dhawuh punika kénging dipun tegesi *mulané manawa kowé padha arep merangi, lah perangana aku saiki.*

45 Bilai ing dina iku tumrap wong-wong kang anggorohaké.	وَيۡلٌ يَّوۡمَئِذٍ لِّلۡمُكَذِّبِيۡنَ ۝٤٥
46 Padha mangana lan angrasakna bungah sawatara suwéné; sayekti sira iku wong dosa.	كُلُوۡا وَتَمَتَّعُوۡا قَلِيۡلًا اِنَّكُمۡ مُّجۡرِمُوۡنَ ۝٤٦
47 Bilai ing dina iku tumrap wong-wong kang anggorohaké.	وَيۡلٌ يَّوۡمَئِذٍ لِّلۡمُكَذِّبِيۡنَ ۝٤٧
48 Lan nalikané padha didhawuhi: Padha tumundhuka, dhèwèké padha ora tumundhuk.	وَاِذَا قِيۡلَ لَهُمُ ارۡكَعُوۡا لَا يَرۡكَعُوۡنَ ۝٤٨
49 Bilai ing dina iku tumrap wong-wong kang anggorohaké.	وَيۡلٌ يَّوۡمَئِذٍ لِّلۡمُكَذِّبِيۡنَ ۝٤٩
50 Lah, sawisé iki, marang pawarta endi dhèwèké bakal padha angèstu.	فَبِاَيِّ حَدِيۡثٍۭ بَعۡدَهٗ يُؤۡمِنُوۡنَ ۝٥٠ ع

سُورَةُ النَّبَإِ مَكِّيَّةٌ (٧٨)

SURAT 78

AN-NABA’

(*Bayawara*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku’, 40 ayat*)

Pathinipun:

Ruku’ 1. Dinten pancasan.
Ruku’ 2. Dinten pancasan.

Katerangan gerban

Margi siksanipun para kafir punika sampun mesthi, para kafir sami pitakèn: Bénjing punapa dhumawahipun? Lah inggih siksa wau, *Bayawara* punika, ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika sarta ingkang dados rembag wonten ing surat punika. Surat punika kaanggep salah satunggaling dhawuh ingkang sepuh tumurun ing jaman Makkah wiwitan.

RUKU’ 1

Dinten pancasan

1-5. Pawartos. 6-16. Kamurahan ingkang kaparingaken dhateng manusa. 17-20. Ngalamatipun dinten pancasan. 21-30. Naraka.

JUZ XXX

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-mahamurah, Ingkang-Mahaasih. بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Padha takon-tinakon prakara apa dhèwèké? عَمَّ يَتَسَآءَلُوْنَ ۝١

Ut. *ayahan*

2 Prakara *bayawara* kang agung,[2640] عَنِ النَّبَإِ الْعَظِيْمِ ۝٢

2640. Tembungipun ingkang asli نبأ عظيم ingkang ugi kasebut wonten ing 38: 67 sampun katerangaken wonten ing 2150, *bayawara ageng* punika piweca ambrukipun babarpisan mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Suci. Sawenèh mufassirin nyuraos punika ateges Quran Suci; mufassir sanèsipun kanabianipun Kanjeng Nabi Muhammad, sanèsipun malih dinten kiyamat (Rz) teges ingkang kantun piyambak punika cocog sanget kaliyan ingkang angka satunggal, déné teges sanèsipun ingkang kalih, punika inggih sampun terang. Miturut Rgh, *naba’* punika *pawartos ingkang migunani sanget ingkang saged ngangsalaken seserepan* utawi *panginten-inten.* Teges punika ugi cocog kaliyan katrangan warni tiga ing nginggil wau sadaya.

3 Kang ing dalem prakara iki dhèwèké padha pasulayan?

الَّذِىۡ هُمۡ فِيۡهِ مُخۡتَلِفُوۡنَ ؃

4 O, tumuli dhèwèké bakal padha weruh;

كَلَّا سَيَعۡلَمُوۡنَ ؄

5 O, sayekti dhèwèké bakal tumuli padha weruh.

ثُمَّ كَلَّا سَيَعۡلَمُوۡنَ ؅

6 Apa Ingsun ora wus andadèk-aké bumi gumelar,

اَلَمۡ نَجۡعَلِ الۡاَرۡضَ مِهٰدًا ؆

Ut. *papa-thok, papan-tèk*

7 Sarta gunung-gunung minangka *gegeneng* (ing kono)?[2641]

وَّالۡجِبَالَ اَوۡتَادًا ؇

8 Lan Ingsun anitahaké sira ajodhon-jodhon,

وَّخَلَقۡنٰكُمۡ اَزۡوَاجًا ؈

9 Lan Ingsun andadèkaké turunira dadi ngaso(-nira),

وَّجَعَلۡنَا نَوۡمَكُمۡ سُبَاتًا ؉

10 Lan Ingsun andadèkaké wengi minangka tutup,

وَّجَعَلۡنَا الَّيۡلَ لِبَاسًا ؊

11 Lan Ingsun andadèkaké rina dadi wayahé ngupa-jiwa

وَّجَعَلۡنَا النَّهَارَ مَعَاشًا ؋

12 Lan Ingsun angedegaké ana ing dhuwurira pipitu kang kukuh,

وَّبَنَيۡنَا فَوۡقَكُمۡ سَبۡعًا شِدَادًا ،

13 Lan Ingsun agawé diyan kang sumorot,[2642]

وَّجَعَلۡنَا سِرَاجًا وَّهَّاجًا ؍

2641. Bumi kasebut *mihâd,* redi kasebut *autâd*. Rgh nerangaken *Mihâd* punika *papan ingkang kadamel waradin kanggé lumampah;* lan panjenenganiun nerangaken tetembungan مهدت لك كذا punika ateges *aku nyadhiyakaké iku lan ngrata iku.* Panjenenganipun ugi nerangaken bilih tembung punika sami kaliyan ingkang kadhawuhaken ing 2 : 22, ing ngriku bumi kapangandikakaken dados *firâsy, papan jembar*. *Watid (*manawi *jama' autâd),* punika *pathok* ingkang katanjebaken ing siti utawi ing tembok; redi kasanépakaken kados déné pathok ing lumahing bumi. Menggah ing sajato-jatosipun *watid* punika sadhéngah barang ingkang nyongat saking lumah; kadosta untu, punika winastan: اوتاد الغم (wantahipuin *pathoking cangkem*). *Watid* ugi ateges *anggota ingkang nongol sanèsipun sirah* (LA-LL).

2642. *Pipitu kang kukuh* ing ayat ingkang sampun, punika ambokmanawi kémawonn planitinipun solar system pipitu ingkang ageng-ageng. Tembung *saduwurira punika* cetha anedahaken bilih bumi punika piyambak, punika kalebet golonganipun; déné surya, punjering solar system kapangandikakaken wonten ing tembung *diyan kang sumorot*.

	14 Lan Ingsun anurunaké banyu saka ing mendhung kalawan gumrojog,	وَّأَنْزَلْنَا مِنَ الْمُعْصِرٰتِ مَآءً ثَجَّاجًا ﴿١٤﴾
	15 Perlu Ingsun anggo angetokaké wiji-wiji lan tutuwuhan,	لِّنُخْرِجَ بِهٖ حَبًّا وَّنَبَاتًا ﴿١٥﴾
	16 Apa déné pakebonan kang ketel.	وَّجَنّٰتٍ أَلْفَافًا ﴿١٦﴾
	17 Sayekti, dinané pancasan iku (dina) kang tinartamtu waktuné:[2643]	إِنَّ يَوْمَ الْفَصْلِ كَانَ مِيْقَاتًا ﴿١٧﴾
a. 789	18 Dinané slomprèt tiniyup,[a] banjur sira bakal padha teka byukbyukan.	يَّوْمَ يُنْفَخُ فِي الصُّوْرِ فَتَأْتُوْنَ أَفْوَاجًا ﴿١٨﴾
	19 Sarta langit bakal dibedhah, dadi banjur ana lawang-lawangé.	وَّفُتِحَتِ السَّمَآءُ فَكَانَتْ أَبْوَابًا ﴿١٩﴾
	20 Lan gunung-gunung bakal binuncang, dadi kaya endheg amun-amun.[2644]	وَّسُيِّرَتِ الْجِبَالُ فَكَانَتْ سَرَابًا ﴿٢٠﴾
	21 Sayekti, naraka wis sumadhiya,	إِنَّ جَهَنَّمَ كَانَتْ مِرْصَادًا ﴿٢١﴾
	22 Pangungsèn tumrap wongwong kang andaluya,	لِّلطّٰغِيْنَ مَاٰبًا ﴿٢٢﴾
	23 Padha manggon ana ing kono lawas.[2645]	لّٰبِثِيْنَ فِيْهَآ أَحْقَابًا ﴿٢٣﴾

2643. Dinten pancasan punika sampun dipun alami déning mengsah ing gesang sapunika wonten ing papan paprangan ing Badr; dados punika dumunung mintonaken kayektèning dinten pancasan ing gesang ing bénjing.

2644. Pratélan ingkang kasebut wonten ing ayat 18 dumugi ayat 20 punika pratélan ingkang mengku piweca ingkang adiluhung, bab tempukipun wadyabala (ayat 18) wonten ing paparangan Badr, bab jawah deres (ayat 19) tuwin bab tiwasipun para gugununganipun titiyang Quraisy (ayat 20). Déné sadaya punika inggih badhé kelampahan bénjing ing dinten kiyamat ageng, punika prakawis ingkang sampun genah, boten perlu dipun rembag malih langit dipun bikak, kalayan éntar ateges tumurunipun siksa ingkang dipun ancamaken.

2645. *Huqub*, ingkang *jama'*-ipun *ahqâb*, punika mengku teges wolung dasa taun, utawi pitung dasa taun, utawi setaun, utawi pinten-pinten taun, utawi wekdal ingkang dangu (mirsanana LL, ingkang nyebutaken wawaton warni-warni tumrap satunggal-tunggalipun teges wau). Badhéa nganggé teges ingkang pundi kémawon, tembung punika mratandhakaken kalayan cetha lan sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih siksa naraka punika boten teterusan tanpa wangenan, punika boten. Tembung ingkang mengku teges wekdal ingkang winates dipun agem mangandikakaken tumraping siksa naraka, mangka tembung bangsanipun ingkang kados makaten wau boten naté kagem mangandi-

24 Ana ing kono ora bakal ngrasakaké adhem sarta ombèn-ombèn,	لَا يَذُوْقُوْنَ فِيْهَا بَرْدًا وَّلَا شَرَابًا ﴿٢٤﴾
25 Kajaba wédang mulak-mulak sarta banyu adhem anjekut kang banget,	اِلَّا حَمِيْمًا وَّ غَسَّاقًا ﴿٢٥﴾
26 Wawales kang trep (karo dosané).[2646]	جَزَآءً وِّفَاقًا ﴿٢٦﴾
27 Sayekti dhèwèké iku padha ora wedi marang pétungan,	اِنَّهُمْ كَانُوْا لَا يَرْجُوْنَ حِسَابًا ﴿٢٧﴾
28 Sarta anggorohaké marang timbalan-timbalan-Ingsun kalawan banget.	وَّ كَذَّبُوْا بِاٰيٰتِنَا كِذَّابًا ﴿٢٨﴾
29 Lan samubarang iku Ingsun cathet ana ing tulis;	وَكُلَّ شَيْءٍ اَحْصَيْنٰهُ كِتٰبًا ﴿٢٩﴾
30 Mulané padha rasakna! amarga Ingsun ora amuwuhi apa-apa marang sira, kajaba siksa.[2647]	فَذُوْقُوْا فَلَنْ نَّزِيْدَكُمْ اِلَّا عَذَابًا ﴿٣٠﴾

kakaken tumrap nugrahanipun gesang kasuwargan, punika cetha anedahaken manawi nugrahanipun gesang kasuwargan punika boten wonten telas-telasipun, wangsul siksa naraka wonten pungkasanipun. Sawenèh mufassir, karana badhé nyingkiri pakèwed, déné siksa naraka teka namung ing salebetipun wekdal ingkang ingkang winates, mastani manawi ayat punika kasuwak. Mufassir sanèsipun gadhah pamanggih bilih pratélan wau boten tumrap para titiyang kafir, wangsul namung tumrap titiyang Muslimin ingkang gadhah dosa (nanging punika pamanggih ingkang boten kénging dipun ugemi manawi kacundhukaken kaliyan ayat 27 lan 28). Wonten malih ingkang mastani, bilih ingkang wonten ing salebetipun wekdal ingkang winates punika anggènipun sami boten ngraosaken asrep tuwin ombèn. Nanging katrangan wau sadaya boten wonten perlunipun lan boten maremaken, jalaran siksa ing naraka winates dangunipun, punika sampun laras sanget kaliyan ruhipun Quran Suci ing sagemblengipun tuwin inggih sampun laras kaliyan pratélan-pratélanipun Quran wonten ing panggènan sanès. Mirsanana 1201.

2646. Pratélan bilih siksa naraka punika wawales kang trep, punika suka papadhang ingkang nelahi ing babagan piwulangipun agami Islam bab naraka. Prayogi dipun pèngeti bilih narakanipun piyambak, punika sampun warni-warni anggènipun namakaken, sarta siksa punika inggih warni-warni anggènipun mangandikakaken. Cekakipun, kawontenanipun siksa ingkang béda-béda, punika kabekta saking dosa ingkang inggih béda-béda kawontenanipun dados rèhning menggah ing sajatos-jatosipun siksa punika wohing dosa, milanipun siksa punika inggih laras utawi timbang kaliyan dosanipun. Minangka tuladha upaminipun siksa ingkang kapangandikakaken ing ngriki, punika tumrap para tiyang ingkang sinebut *andaluya* utawi *tiyang ingkang nglangkungi wates anggènipun andaga* (LL). Siksaning anggènipun nglangkungi wates, inggih trep, inggih punika ombèn-ombèn utawi swasana ingkang bentèr sanget utawi ingkang asrep sanget, terangipun malih: laduk ing bentèr tuwin laduk ing asrep.

Prayogi katerangaken pisan bilih tembung *gassâq* punika ateges barang ingkang kalangkung déning asrep ngantos boten kiyat sinandhang (Rz). Tembung punika ugi dipun werdèni sanès malih, nanging teges ingkang kula anggé punika langkung cocog kaliyan suraosing dhawuh.

2647. Rèhning para titiyang punika salebetipun sami andaluya tansah wewah-wewah awonipun,

RUKU' 2

Dinten Pancasan

31-36. Ganjaranipun para angèstu. 37-39. Pangungsèn punika namung Gusti Allah piyambak. 40. Para kafir badhé sami kaduwung.

	31 Sayekti, kadarbé para kang anjaga dhiriné, (saka ing ala) kabegjan iku,[2648]	إِنَّ لِلْمُتَّقِينَ مَفَازًا ﴿٣١﴾
	32 Patamanan lan kebon anggur,	حَدَآئِقَ وَأَعْنَابًا ﴿٣٢﴾
a. 2148A	33 Sarta kang anom-anom aseger[2649] apapantaran umuré,[a]	وَكَوَاعِبَ أَتْرَابًا ﴿٣٣﴾
Ut. *kebak*	34 Lan pinggan kang *suci*.[2650]	وَكَأْسًا دِهَاقًا ﴿٣٤﴾
	35 Ana ing kono ora bakal padha ngrungu tembung lalahan sarta gogorohan.	لَا يَسْمَعُونَ فِيهَا لَغْوًا وَلَا كِذَّابًا ﴿٣٥﴾
	36 Ganjaran saka Pangéranira, apaparing kang trep pétungé:[2651]	جَزَآءً مِّن رَّبِّكَ عَطَآءً حِسَابًا ﴿٣٦﴾

mila piyambakipun inggih badhé angsal siksa ingkang satrepipun, inggih punika siksa ingkang tansah wewah-wewah. Dhawuh punika boten kok anyebutaken bilih ingkang makaten punika tumindak ing salami-laminipun, jalaran ing panggènan sanès kadhawuhaken: "Lan sing sapa atindak ala, dhèwèké mung winales sapadhane iku, sarta dhèwèké bakal ora padha kinaniaya" (6 : 161). Dados siksa ingkang wewah-wewah punika namung ing sadanguning pandamelipun awon tiyang ingkang atindak awon wau dèrèng telas.

2648. Kapèngetana, kados déné ingkang katerangaken ing Quran Suci marambah rambah, ganjaraning kasaénan punika kabegjan. Inggih punika kabegjan déné sampun saged anggayuh maksuding gesang ing sapunika punika, tuwin anggayuh èsthi ageng ingkang dados tujuan ing akhirat. Inggih kabegjan punika ingkang lajeng dados suwarga tumrapipun manusa.

2649. Tembung *Ka'aba* punika manawi kanggé nembungakaken payudaranipun laré èstri: wantahipun mengku teges *tumuwuhipun dados ageng* (menter-menter), samangsa laré èstri wau ngajengaken ngancik diwasa. Laré èstri winastan *Kâ'ib* (manawi jama' *Kawâ'ib*) samangsa laré èstri wau ngajengaken ngancik diwasa, utawi mèh diwasa, tuwin payudaranipun wiwit mindhak ageng (LL). Nanging kedah dipun pèngeti bilih tembung *kawâ'ib* utawi *atrâb* wau boten karumiyinan lan boten kasambetan ing tembung *jâriyak* (jawinipun laré èstri); milanipun, dados tembung sifat, tembung *kawâ'ib* punika namung mengku teges ingkang asuraos *kang anom-anom aseger*. Sampun naté kula terangaken wonten ing 2356, punapa sababipun déné sawenèh nugrahanipun suwarga katerangaken mawi tetembungan ingkang limrahipun kanggé nembungakaken *wanita*; nanging rèhning nugraha wau wohing pandamel tulus, kula sadaya boten wenang nyariyosaken punapa menggah ing sajatos-jatosipun nugraha wau. Wondéné pratélan ing ngriki punika ambokmanawi kémawon mengku teges bilih wohing pandamel punika badhé maujud kalayan sampurna kamurnènipun.

2650. *Dihâq* punika saged ateges *suci*, awawaton kateranganipun '*Ikramah*, tuwin saged *kebak*, manut anggènipun merdèni I'Ab (Rz).

2651. Kula aturi mèngeti, siksanipun pandamel awon kasebut piwales kang trep, mila ganjaranipun

37 Pangéraning langit-langit lan bumi sarta apa kang ana ing saantarané, Ingkang-Mahamurah; dhèwèké ora bakal padha bisa matur marang Panjenengané.	رَّبِّ السَّمٰوٰتِ وَ الْاَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا الرَّحْمٰنِ لَا يَمْلِكُوْنَ مِنْهُ خِطَابًا ﴿۳۷﴾
38 Dinané ruh lan para malaikat padha ngadeg ababarisan; ora bakal padha calathu, kajaba kang diparingi idin Ingkang-Mahamurah, sarta acalathu bener.	يَوْمَ يَقُوْمُ الرُّوْحُ وَالْمَلٰٓئِكَةُ صَفًّا ۙ لَّا يَتَكَلَّمُوْنَ اِلَّا مَنْ اَذِنَ لَهُ الرَّحْمٰنُ وَقَالَ صَوَابًا ﴿۳۸﴾
39 Iku dina kang satuhu; mulané sapa sing gelem, angalapa pangungsèn marang Pangérané.	ذٰلِكَ الْيَوْمُ الْحَقُّ ۚ فَمَنْ شَآءَ اتَّخَذَ اِلٰى رَبِّهٖ مَاٰبًا ﴿۳۹﴾
40 Sayekti Ingsun aparing pépéling marang sira siksa kang cepak:[2652] dinané manusa andeleng apa panggawéning tangan-loroné kang dhisik-dhisik, sarta bakal padha angucap: O, mbok aku iki dadia lebu baé!	اِنَّآ اَنْذَرْنٰكُمْ عَذَابًا قَرِيْبًا ۖۚ يَّوْمَ يَنْظُرُ الْمَرْءُ مَا قَدَّمَتْ يَدٰهُ وَيَقُوْلُ الْكٰفِرُ يٰلَيْتَنِيْ كُنْتُ تُرٰبًا ﴿۴۰﴾

pandamel saé, punika ugi kasebut paparing kang trep karo pétungé, terangipun manut pandamel saé ingkang sampun katindakaken.

2652. Siksa ingkang dipun pèpèngetaken dhateng para kafir wonten ing sagemblengipun surat punika, punika siksa kang cepak. Boten prabéda lan siksa kang luwih cedhak ing 32: 21, tembung wau mengku teges siksa ing gesang sapunika punika.

(اٰيَاتُهَا ٤٦) سُوْرَةُ النّٰزِعٰتِ مَكِّيَّةٌ (٧٩) (رُكُوْعَاتُهَا ٢)

SURAT 79

AN-NÂZI'ÂT

(*Ingkang sami menthang*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*2 ruku', 46 ayat*)

Pathinipun:

Ruku' 1. Gegeter ingkang gesang.
Ruku' 2. Bilai ageng.

Katerangan gerban

Namanipun surat punika pipiridan saking pratélan ingkang nerangaken kawontenanipun para mukmin: menthang sakatogipun; déné ingkang dipun karsakaken: peperangan-peperangan ing tembé wingkingipun tuwin anggènipun sami menthang langkap, dados nerangaken manawi ambrukipun para kafir, siksanipun para kafir ingkang kawarsitakaken wonten ing surat ingkang sampun, punika badhé kelampahan wonten ing paprangan-paprangan. Nasibipun raja Fir'aun, ingkang kelem nalika ngelud para titiyang Israil kasebutaken; déné ruku' ingkang kaping kalih sasampunipun nyebutaken nugrahanipun Pangéran, lajeng mangandikakaken bilih siksa punika sampun mesthi, inggih ing ngriki inggih ing akhirat.

Déné bab prakawis titimangsanipun nalika katurunaken, kénging winastan kalayan yakin bilih surat punika kagolong ing jaman Makkah sepuh.

RUKU' 1

Gegeter ingkang ageng

1-14. Kuwasaning mengsah badhé remuk wonten ing paprangan. 15-26. Wuwulang ing pandumipun Fir'aun.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
a. 2099	1 Mramanakna[a] para kang sarosa menthang,	وَالنّٰزِعٰتِ غَرْقًا ۙ ١
	2 Lan kang padha mesat maju kalawan gambira,	وَّالنّٰشِطٰتِ نَشْطًا ۙ ٢
	3 Lan kang padha ambalap rikat,	وَّالسّٰبِحٰتِ سَبْحًا ۙ ٣
	4 Banjur kang padha andhisiki lumaku ana ngarep,	فَالسّٰبِقٰتِ سَبْقًا ۙ ٤

	5 Banjur para kang padha mranata ing rèh,[2653]	فَالْمُدَبِّرَاتِ أَمْرًا ۝٥
Ut. *pang-rancang angrancang perang*	6 Ing dina nalikané *oreg-oregan bakal geter*,[2654]	يَوْمَ تَرْجُفُ الرَّاجِفَةُ ۝٦
	7 Apa kang masthi bakal kala-kon, bakal nungka.[2655]	تَتْبَعُهَا الرَّادِفَةُ ۝٧

2653. Langkung rumiyin mangga sami nglimbang-nglimbang tegesipun lugu ayat gangsal punika. *Nâzi'ât* punika *jama'*-ipun tembung *Nâzi*' rimbagan saking tembung *naza'a* tegesipun *nyendhal*, نزع في القوس Tegesipun *menthang gandhéwa* (Q-LL). *Garqan* mengku teges *sakayangipun*, ugi manawi gagayutan kaliyan gandhéwa, awit ukara غرق في القوس makaten ateges *menthang gandhéwa sakayangé* (LL). "Miturut ISh *igrâq* punika ateges *nglepasaken jemparing ngantos tebih sarana mentang (gandhéwanipun) ing sakayangipun*. Miturut Usaidu-l-Ganawi, ateges *menthang gandhéwa ngantos tangsul ingkang dipun ubet-ubetaken wonten ing mripat-itikipun jemparing, ngantos dumugi sirahipun ingkang saking tosan, punika dumugi pérangan ingkang kagepok ing tangan* (LL). *Nasyatha* tegesipun *cukat ing damel (trengginas)*, utawi *medal* (TA-LL). *Sabh* ateges *plajengipun kapal*, suku ngajeng kadlojoraken mangajeng (kados déné tanganipun tiyang manawi nglangi) (TA-LL), lan ateges tandang ingkang cukat (Mft-LL). Tembung sanès-sanèsipun boten sisah katerangaken. Ing wiwitanipun surat-surat Makkiyah ingkang sepuh-sepuh asring sanget nyebutaken sacara piweca lalampahan-lalampahan ingkang kelampahan ing Madinah ing pawingkingipun, kalayan mengku karsa kanggé pasaksèn ing kayektèning pratélan-pratélan ingkang kapangandikakaken. *Para kang sarosa menthang punika tiyang ingkang manah, kang padha mesat maju kalawan gambira punika panahipun, kang padha ambalap rikat tuwin kang padha andhisiki lumaku ana ngarep punika kapal. Kang padha mranata ing rèh* punika *para malaikat* utawi *para panuntun tukang ngawat-awati*, déné *prakara* punika sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi punika *kamenanganipun titiyang Muslimin tuwin leburipun mengsah*, kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat-ayat tutugipun. Sabagéan kathah katrangan punika cocog kaliyan kateranganipun Abu Muslim, kados déné ingkang kasebutaken déning Rz, sarta katerangan punika ingkang langkung cocog kaliyan suraosing dhawuh lan kaliyan wiwitaning surat sanès-sanèsipun ingkang nyebutaken panunggilanipun punika.

2654. *Rajafa* tegesipun *gègèr* utawi *oreg* (Q-LL), nanging رجف القوم tegesipun *kaum* utawi *papanthan sampun samapta badhé perang* (Lth, O, Q-LL). Rèhning tembung *radjifah* punika boten kasambetan kaliyan tembung sifat punapa kémawon, mila inggih saged tembung wau mengku teges *papanthan ingkang sampun samapta perang* lan ateges *bumi oreg*. Teges ingkang sapisan punika langkung cocog kaliyan suraosing dhawuh, punapa malih manawi dipun èngeti bilih ing ayat-ayat ingkang sampun mawi nyebutaken tukang nglepasaken jemparing tuwin kapal-kapal; suprandéné teges wau cekap kula dèkèk wonten ing margin. Wondéné teges ingkang dipun anggé, punika inggih ngener dhateng pupuntoning pamanggih, bilih ingkang kapangandikakaken sacara mecakaken wonten ing dhawuh ngriki, punika inggih perang, jalaran bumi geter utawi bumi gègèr punapa oreg, punika suraosipun inggih gègèr utawi oregipun ingkang ngenggèni. Perang, punika langkung adamel oreg wonten ing bumi katimbang lan lindhu. Mirsanana 33: 11 ing ngriku titiyang Muslimin kapangandikak-aken manawi *digonjingaké kalawan gonjing kang abanget,* margi titiyang Muslimin sami dipun perangi tur perang ageng-agengan.

2655. Tembung ingkang dipun jarwani *apa kang mesthi kelakon*, punika namung satembung, inggih punika *ar-râdifah*, awit inggih teges wau tegesipun ingkang wantah lingganing tembung, asal saking tembung *radifa*, ingkang jawinipun *teka ing sapungkuré* utawi *nungka ing saburiné* (LL). Malah sajatosipun *râdifah* punika wonten ing bab tembung *ridf* dipun tegesi *temahanipun satunggaling prakawis* déning para saged ahli kawruh basa (S, O, Q-LL). Déné barang ingkang mesthi kelampahan ing pawingkingipun, punika icaling panguwaosipun golongan mengsah ing Makkah, utawi leburipun mengsah; sarta inggih punika sajakipun, maksudipun ingkang sajatos piweca-piweca ingkang kamot

8 Ati ing dina iku bakal padha trataban,

قُلُوبٌ يَوْمَئِذٍ وَاجِفَةٌ ﴿٨﴾

9 Mripaté padha andhingkluk.

أَبْصَارُهَا خَاشِعَةٌ ﴿٩﴾

10 Padha calathu: apa aku iki bakal padha dibalèkaké temenan marang kahanan(-ku) wiwitan?[2656]

يَقُولُونَ أَإِنَّا لَمَرْدُودُونَ فِي الْحَافِرَةِ ﴿١٠﴾

11 Apa! nalika aku wis padha dadi balung kang gapuk?

أَإِذَا كُنَّا عِظَامًا نَخِرَةً ﴿١١﴾

12 Padha calathu: yèn mangkono, iku rak bali sing agawé kapitunan.

قَالُوا تِلْكَ إِذًا كَرَّةٌ خَاسِرَةٌ ﴿١٢﴾

13 Ananging iku mung petak sapisan baé,

فَإِنَّمَا هِيَ زَجْرَةٌ وَاحِدَةٌ ﴿١٣﴾

14 Lah mara delengen, dhèwèké padha tangi.

فَإِذَا هُمْ بِالسَّاهِرَةِ ﴿١٤﴾

15 Apa ora wus tumeka marang sira caritané Musa?

هَلْ أَتَاكَ حَدِيثُ مُوسَى ﴿١٥﴾

16 Nalika Pangérané anguwuh dhèwèké ana ing jujurang suci *Thuwa*:[a]

إِذْ نَادَاهُ رَبُّهُ بِالْوَادِ الْمُقَدَّسِ طُوًى ﴿١٦﴾

Ut. *ping pindo* a. 1579

17 Lungaa menyang (enggoné) Fir'aun; sayekti, dhèwèké iku dadi ambalasar.

اذْهَبْ إِلَى فِرْعَوْنَ إِنَّهُ طَغَى ﴿١٧﴾

18 Banjur calathua: Punapa paduka kagungan kepéngin anucèni sarira paduka:

فَقُلْ هَلْ لَكَ إِلَى أَنْ تَزَكَّى ﴿١٨﴾

19 Sarta kula badhé anuntun paduka dhateng Pangéran paduka, supados paduka ajriha.

وَأَهْدِيَكَ إِلَى رَبِّكَ فَتَخْشَى ﴿١٩﴾

20 Banjur panjenengané angatonaké tandha kang gedhé marang dhèwèké.

فَأَرَاهُ الْآيَةَ الْكُبْرَى ﴿٢٠﴾

---

wonten ing ayat-ayat punika, nitik ayat kakalih sambetipun punika mawi nyebutaken *manah sami trataban* lan *mripat sami andhingkluk.*

2656. *Padha calathu,* punika mengsah ingkang wicanten. Punika boten ateges bilih anggènipun sami wincanten kados makaten wau samangsa sadaya, wangsul *anggènipun wicanten makaten wau ing sapunika punika ugi,* awit para titiyang wau sami tukang maiben ing wontenipun kiyamat.

21 Ananging dhèwèké anggoroh-aké (kasunyatan) sarta ora ambangun turut.

فَكَذَّبَ وَعَصَىٰ ﴿٢١﴾

22 Tumuli dhèwèké bali kalawan ririkatan.

ثُمَّ أَدْبَرَ يَسْعَىٰ ﴿٢٢﴾

23 Banjur angumpulaké (wong-wong) tumuli anguwuh,

فَحَشَرَ فَنَادَىٰ ﴿٢٣﴾

24 Calathuné: Aku iki pangéran-ira kang-mahaluhur.

فَقَالَ أَنَا رَبُّكُمُ الْأَعْلَىٰ ﴿٢٤﴾

25 Ananging Allah amatrapi dhèwèké kalawan pidana ing akhirat sarta ing uripé kang dhisik.[2657]

فَأَخَذَهُ اللَّهُ نَكَالَ الْآخِرَةِ وَالْأُولَىٰ ﴿٢٥﴾

26 Sayekti ing dalem (prakara) iku temen ana wuwulang tumrap wong kang wedi.

إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَعِبْرَةً لِمَنْ يَخْشَىٰ ﴿٢٦﴾

RUKU' 2

Bilai ageng

27-33. Kamurahanipun Pangéran dhateng manusa. 34-41. Dhatengipun bilai. 42-46. Wancining pancasan.

27 Apa sira kang luwih kuwat dumadiné, apa langit? Iki kang yasa Panjenengané.

أَأَنْتُمْ أَشَدُّ خَلْقًا أَمِ السَّمَاءُ ۚ بَنَاهَا ﴿٢٧﴾

28 Panjenenganė andhuwuraké dhuwuré[2658] banjur anyampurnak-aké kadadéané.

رَفَعَ سَمْكَهَا فَسَوَّاهَا ﴿٢٨﴾

2657. Quran Suci tansah anyethakaken dhadhawuhanipun sarana nyebutaken nasib ingkang kasandhang déning umat ingkang sampun-sampun. Kawontenanipun calon siksanipun titiyang Makkah kacethakaken sarana nyebutaken tuladhanipun raja Fir'aun, mengsahipun Kanjeng Nabi Musa, ingkang sarupinipun kaliyan kanjeng Nabi Suci kasebutaken wonten ing 73:15, tuwin ing panggènan sanès. Cetha sanget Quran anggènipun nyebutaken siksanipun raja Fir'aun, inggih punika: siksa *akhirat* tuwin siksa ing *gesang ingkang rumiyin* (donya). Inggih kados makaten ugi calon siksanipun golongan mengsah ing Makkah, milanipun nasibipun raja Fir'aun wau kedahipun dados *wuwulang ingkang cumeplos* tumrap para titiyang Makkah, kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat candhakipun.

2658. *Samk* tegesipun *jembaring satunggaling barang wiwit dhasar dumugi ing pucakipun,* kosokwangsulipun *'umq*, ingkang tegesipun: jembaring satunggaling barang wiwit puncak dumugi ing dhasaripun (Rz). Milanipun *samk* makaten ateges *inggilipun,* déné *'umq, lebetipun.* Manut Rz, nginggilaken inggilipun, punika ngisarahi *inggilipun ingkang kalangkung déning sanget.*

وَأَغْطَشَ لَيْلَهَا وَأَخْرَجَ ضُحٰهَا ﴿٢٩﴾

29 Sarta adamel peteng wenginé lan angedalaken padhanging(-rainané).

وَالْأَرْضَ بَعْدَ ذٰلِكَ دَحٰهَا ﴿٣٠﴾

30 Lan bumi sawisé iku, digelar.[2659]

أَخْرَجَ مِنْهَا مَاءَهَا وَمَرْعٰهَا ﴿٣١﴾

31 Saka ing kono Panjenengané angedalaké banyuné sarta (tutuwuhaning) pangonané.

وَالْجِبَالَ أَرْسٰهَا ﴿٣٢﴾

32 Lan gunung-gunung, Panjenengané (sing) angukuhaké,

مَتَاعًا لَّكُمْ وَلِأَنْعَامِكُمْ ﴿٣٣﴾

33 Pasadhiyan tumrap marang sira lan tumrap marang rajakayanira.

فَإِذَا جَاءَتِ الطَّامَّةُ الْكُبْرٰى ﴿٣٤﴾

34 Ananging samangsa bilai gedhé[2660] tumeka;

يَوْمَ يَتَذَكَّرُ الْإِنْسَانُ مَا سَعٰى ﴿٣٥﴾

35 Dinané manusa padha éling apa kang wus ditindakaké,

وَبُرِّزَتِ الْجَحِيمُ لِمَنْ يَّرٰى ﴿٣٦﴾

36 Lan naraka dipintonaké tumrap sapa sing andeleng.

فَأَمَّا مَنْ طَغٰى ﴿٣٧﴾

37 Wondéné wong kang ambalasar,

2659. Punika pratélan ingkang cetha, bilih bumi punika katitahaken sasampunipun langit. Pratéla-pratélan ingkang kasebutaken ing panggènan sanès boten kénging dipun werdèni ngantos cecengkahan kaliyan pratélan ingkang terang gamblang punika.

2660. *Thâmmah* punika ateges *bilai ingkang ngungkuli sanès-sanèsipun* (Q, Har-LL), utawi ateges *barang ingkang sakalangkung ageng utawi sakalangkung anggirisi* (TA-LL). Limrahipun *ath-thâmmah* punika namung kasuraos *Kiyamat* thok, nanging yektinipun *ath-thâmmah* punika ugi mathuk dipun suraos ateges sadhéngah bilai ageng, upaminipun kémawon, bilai ageng ingkang andhawahi satunggaling umat ing sagemblengipun. Kados déné ingkang sampun kula terangaken, tembung bangsanipun ingkang kados makaten punika, manawi kagem wonten ing Quran Suci, mengku teges rangkep, ateges bilai ingkang klampahan wonten ing gesang-gesang sapunika punika tuwin bilai ingkang langkung ageng malih, ingkang badhé kalampahan wonten ing akhirat. Malah sajatosipun ayat 36 anedahaken bilai ingkang dipun karsakaken punika langkung anteb dhateng bilai ing gesang sapunika, jalaran ing ngriku kapangandikakaken bilih ing dinten wau naraka badhé dipun damel gumelar tumrap tiyang ingkang *ningali*, boten tumrap sadaya tiyang, dados punika naminipun namung gumelar sapérangan, kados déné ingkang sok asring kelampahan ing gesang punika. Wondéné nerakanipun gesang ing bénjing, ing akhirat, kapangandikakaken wonten ing ayat 39.

	38 Sarta milih kauripan donya,	وَاٰثَرَ الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا ٣٨
	39 Lah sayekti naraka – iku panggonan(-é).	فَاِنَّ الْجَحِيْمَ هِيَ الْمَاْوٰى ٣٩
	40 Déné wong kang wedi anggoné ngadhep ing ngarsaning Pangéran sarta anahan jiwané saka pépénginan asor,[2661]	وَاَمَّا مَنْ خَافَ مَقَامَ رَبِّهٖ وَنَهَى النَّفْسَ عَنِ الْهَوٰى ٤٠
	41 Lah sayekti suwarga – iku panggonan(-é).	فَاِنَّ الْجَنَّةَ هِيَ الْمَاْوٰى ٤١
Ut. *kapan kalakoné*	42 Dhèwèké padha takon marang sira prakara wayahé *endi katemtuané*?	يَسْـَٔلُوْنَكَ عَنِ السَّاعَةِ اَيَّانَ مُرْسٰهَا ٤٢
	43 Tumrap prakara apa? sira iku wong kang angélingaké prakara iku.	فِيْمَ اَنْتَ مِنْ ذِكْرٰىهَا ٤٣
	44 Marang Pangéranira pantoging tujuné prakara iku.	اِلٰى رَبِّكَ مُنْتَهٰىهَا ٤٤
	45 Sira iku mung juru pépéling tumrap wong kang wedi marang prakara iku	اِنَّمَآ اَنْتَ مُنْذِرُ مَنْ يَّخْشٰىهَا ٤٥
	46 Ing dinané dhèwèké andeleng iku, kaya-kaya olèhé manggon ora liya kajaba sasoré utawa saésuk.	كَاَنَّهُمْ يَوْمَ يَرَوْنَهَا لَمْ يَلْبَثُوْٓا اِلَّا عَشِيَّةً اَوْ ضُحٰىهَا ٤٦

2661. Mekak andurusi pépénginan ingkang asor, punika tuk ingkang baku piyambak kanggé angetukaken suwarga.

ركوعها ١ — سُورَةُ عَبَسَ مَكِّيَّةٌ (٨٠) — اٰياتها ٤٢

SURAT 80

‘ABASA

(*Panjenenganipun mrengut*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*42 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika kawiwitan kalayan nerangaken satunggaling lalampahan ingkang nrenyuhaken manah, inggih punika satunggaling tiyang wuta ingkang nyaru wuwus Kanjeng Nabi, nalika panjenenganipun saweg nengah-nengahi ngandikakaken kaliayan para pinisepuh Quraisy sawatawis, ingkang lajeng mahanani Kanjeng Nabi *mrengut* nalika dipun saru wuwus wau. Punika lajeng kanggé namanipun surat punika. Menggah ing sajatos-jatosipun surat punika nerangaken, bilih para pandhèrèk ingkang mlarat-mlarat tur asor, punika margi saking anggènipun purun nampèni yakti mesthi badhé sinengkakaken ing ngaluhur, milanipun Kanjeng Nabi kedah boten prihatos manawi para titiyang luhur boten sami purun anggapé piwulangipun, jalaran para Muslimin ingkang asor punika sami badhé sinengkaaken ing ngaluhur, déné para titiyang luhur ingkang sami angemohi piwulang mesthi badhé dhumawah asor. Dados surat punika wigatos mangandikakaken kaluhuran ingkang kasuprih déning Quran badhé ginayuh ing para pandhèrèkipun, tuwin kemengan-kemenanganing para pendhèrèkipun ing tembé wingkingipun. Surat punika kaanggep salah satunggaling dhawuh ingkang sepuh piyambak, sarta rèhning makaten pawartos ingkang kaundhangaken ingkang magepokan kaliyan prakawis ingkang badhé kelampahan ing wekdal ingkang badhé dhateng, punika pantes pinèngetan ingkang kalayan mligi.

RUKU’ 1

1-10. Mrengutipun Kanjeng Nabi dhateng tiyang wuta. 11-16. Para ingkang nampeni kasunyatan badhé dipun dadosaken minulya. 17-32. Kamurahanipun Pangéran dhateng manusa. 33-42. Petak ingkang sakalangkung banter.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
1 Dhèwèké mrengut lan malé-ngos,	عَبَسَ وَ تَوَلّٰٓى ۙ①
2 Amarga ana wong wuta nekani dhèwèké.[2662]	اَنْ جَآءَهُ الْاَعْمٰى ؕ②

2662. Tetembunganipun ayat-ayat punika piyambak sampun anedahaken, bilih ayat-ayat wau nyariyosaken satunggaling lalampahan ingkang nyata kelampahan saèstu. Cariyosipun *tiyang wuta* punika kasebut wonten ing hadits ingkang kénging pinitados sanget, dados sampun boten wonten sababipun malih semang-semang dhateng wontenipun lalampahan wau. Déné tiyang wuta wau Ibnu Ummi Maktum (Abdullah bin Syuraih), ingkang sowan dhateng Kanjeng Nabi nalika Kanjeng Nabi

3 Lan apa ta kang meruhaké sira, yèn dhèwèké iku arep anucèni jiwané.

وَمَا يُدْرِيكَ لَعَلَّهُ يَزَّكَّىٰٓ ۙ ﴿٣﴾

saweg nengah-nengahi nerangaken piwulangipun agami Islam wonten ing kalempakanipun para panuntun Quraisy, kalayan kagungan pangajeng-ajeng manawi tiyang ageng-ageng punika purun ngrasuk Islam, lajeng mahanani alangan-alangan ingkang makèwedi Islam sirna. *Tiyang wuta* wau nyaru wuwus nyela-nyela nyuwun dipun wulangi barang ingkang sampun kawahyokaken Allah dhateng Kanjeng Nabi Suci. Kanjeng Nabi boten rena dipun rigoni makaten punika, *panjenenganipun mrengut lan maléngos*. Kanjeng Nabi lajeng tampi wahyu punika.

Lalampahan punika anedahaken bilih wahyu ingkang katampi déning Kanjeng Nabi Suci punika boten mijil saking panggalihipun Kanjeng Nabi piyambak; jalaran sapisan Kanjeng Nabi boten anindakaken pandamel ingkang kénging winastan pangrengkuh ingkang kirang saé dhateng tiyang sanès ingkang murugaken panjenenganipun lajeng rumaos kaduwung, (kados déné pangintenipun tuwan Rodwell), punika boten. Yektinipun Kanjeng Nabi boten migatosaken dhateng tiyang ingkang nyaru wuwus ing kalaning panjenenganipun dèrèng rampung anggènipun medhar pangandika, punika rak nama namung samesthinipun kémawon. Kanjeng Nabi boten andukani tiyang ingkang nyela-nyela wau margi saking tindakipun, wangsul Kanjeng Nabi namung boten rena lan boten maringi wangsulan dhateng tiyang wau, kados déné ingkang kacetha kalayan terang wonten ing dhawuhipun Quran punika. Kaping kalihipun, saupami inggih panjenenganipun punika rumaos kaduwung déné boten maringi wangsulan dhateng titiyang wuta, cekap panjenenganipun punika lajeng nimbali kémawon tiyang wuta lan nyrawungi ingkang langkung saé dhateng piyambakipun. Saboten-botenipun, saupami prakawis makaten punika kasarahaken wonten ing pamanggihipun tiyang, rak inggih boten teka panjenenganipun piyambak malah nacad tindakipun tur kalayan ajeg-ajegan. Badhéa kados punapa kémawon boten sarjunipun tiyang dhateng pandamelan piyambak ingkang sampun katindakaken, mesthi botenipun piyambakipun remen panacad dhateng tindakipun wau dipun damel cacariyosan ingkang rinten dalu kawaos marambah-ramah déning titiyang ingkang manut piyambakipun. Dados awit saking punika tétéla bilih wahyu ingkang katampi déning Kanjeng Nabi, punika boten mijil saking panggalihipun Kanjeng Nabi piyambak. Kanggé nedahaken ikhlas, murni saha luhuring panggalihanipun Kanjeng Nabi, cekap kaaturaken bilih panjenenganipun boten naté kagungan panggalih badhé ngunthet dhawuh ingkang kados makaten punika, wangsul malah angundhangaken dhawuh punika, boten prabéda lan anggènipun angundhangaken dhawuh-dhawuh ingkang ngemot pangalembana dhateng panjenenganipun.

Prayogi dipun pèngeti bilih bubudènipun Kanjeng Nabi ingkang baku piyambak punika tresna dhateng tiyang miskin. Kathah lalampahan-lalampahan ingkang kasebut wonten ing dalem hadits, kadosta panjenenganipun kepareng nindakaken padamelanipun satunggaling tiyang èstri ingkang sampun sepuh, sarta dalasan nalika panjenenganipun sampun jumeneng dados pangagengipun nagari Madinah, panjenenganipun taksih karsa ambektakaken bebektanipun tiyang ingkang kawratan boten kiyat ambekta piyambak. Siti Khadijah, ingkang garwa Kanjeng Nabi, priyantun putri ingkang sakalangkung raket kaliyan Kanjeng Nabi wiwit duk kalanipun panjenenganipun taksih taruna, nyebutaken bubudènipun Kanjeng Nabi punika wonten ing pangandikanipun ingkang wigatos nglipur dhateng Kanjeng Nabi, makaten: "Gusti Allah boten badhé ngasoraken jengandika, jalaran jengandika setya dhateng tatangsuling gotrah, jengandika remen mulyakaken tatamu tuwin jengandika remen ngupaboga kanggé para ingkang sami kikirangan sarta jengandika remen mitulungi sadaya tiyang ing nalikanipun nandhang kasusahan ingkang sanget (Bkh). Panjenenganipun punika wiwit duk kalanipun taksih timur dumugi yuswa sepuh, lan wiwit duk kalanipun panjenenganipun taksih dados tiyang limrah ing Madinah ngantos dumuginipun jaman panjenenganipun ngasta papréntahan ingkang ngerèh saindhenging tanah Arab, sakalangkung tresna dhateng tiyang pakir miskin. Malah boten namung kandheg samanten kémawon, nanging panjenenganipun piyambak punika milaur dipun golongaken kaliyan titiyang miskin, inggih nalika sugengipun, inggih nalika sédanipun. Dalasan nalika bandhanipun tanah Arab umpuk-umpukan wonten ing sangandhaping sampéanipun Kanjeng Nabi, sarta nalika para garwanipun kepéngin angsal bagéan saking bandha ingkang umpuk-umpukan wau, panjenenganipun tetep sumedhiya ngurbanaken sawarnining kasenengan, waton panjenenganipun lastantun dados tiyang miskin.

4 Utawa arep angalap éling, nganti pépéling iku maédahi marang dhèwèké?	أَوْ يَذَّكَّرُ فَتَنْفَعَهُ الذِّكْرٰى ④
5 Déné wong sing rumasané ora butuh (marang sira),	أَمَّا مَنِ اسْتَغْنٰى ⑤
6 Lah sira malah angadhepaké dhèwèké.	فَأَنْتَ لَهُ تَصَدّٰى ⑥
7 Lan ora cacad ing atasé sira yèn dhèwèké ora anucèni jiwané.[2663]	وَمَا عَلَيْكَ أَلَّا يَزَّكّٰى ⑦
8 Wondéné wong kang anekani sira, iku nyrempeng,	وَأَمَّا مَنْ جَاءَكَ يَسْعٰى ⑧
9 Lan dhèwèké wedi,	وَهُوَ يَخْشٰى ⑨
10 Lah marang dhèwèké, apa sira bakal anglirwakaké?	فَأَنْتَ عَنْهُ تَلَهّٰى ⑩
11 O, sayekti, iku (sumbering) kaluhuran.	كَلَّا إِنَّهَا تَذْكِرَةٌ ⑪
12 Mulané sapa sing gelem, angalapa éling marang iku.	فَمَنْ شَاءَ ذَكَرَهُ ⑫
13 Ing sajroning Kitab kang minulya,	فِي صُحُفٍ مُكَرَّمَةٍ ⑬
14 Linuhuraké, sinucèkaké.	مَرْفُوعَةٍ مُطَهَّرَةٍ ⑭
15 Ing tangané para juru tulis,	بِأَيْدِي سَفَرَةٍ ⑮
16 Minulya, tulus.[2664]	كِرَامٍ بَرَرَةٍ ⑯

2663. Manawi para panuntun Quraisy boten sami luwar saking jejembering dosa, sanès lepatipun Kanjeng Nabi; milanipun boten kénging, karana para panuntun Quraisy wau, panjenenganipun lajeng nglirwakaken tiyang papa, ingkang sowan panjenenganipun kanthi tuhu-tuhu nyuwun dipun luwari saking babandaning dosa.

2664. Ayat nenem wiwit ayat 11 dumugi 16, punika menggah ing sajatos-jatosipun panglipur dhateng Kanjeng Nabi Suci, gandhèng kaliyan prakawis ingkang kasasmitakaken wonten ing sadasa ayat ingkang wiwitan, inggih punika, bilih para panuntun boten badhé purun manah pèpèngetipun Kanjeng Nabi tuwin boten purun nganggep kautusipun Kanjeng Nabi, mila Kanjeng Nabi kedah nengenaken tiyang miskin, ingkang badhé sinengkakaken ing ngaluhur déning Quran. Ayat-ayat punika

17 Binendon manusa iku! saiba ta olèhé ora weruh ing panarima!

قُتِلَ الْإِنْسَانُ مَا أَكْفَرَهُ ﴿١٧﴾

18 Saka barang apa ta kadadéané?

مِنْ أَيِّ شَيْءٍ خَلَقَهُ ﴿١٨﴾

19 Saka nutfah, Panjenengané (kang) andadèkaké lan *aparing kakuwatan* marang dhèwèké.[2665]

Ut. *angruntutaké karo*

مِنْ نُطْفَةٍ خَلَقَهُ فَقَدَّرَهُ ﴿١٩﴾

20 Déné (prakara) dalan – Panjenengané anggampangaké tumrap dhèwèké,

ثُمَّ السَّبِيلَ يَسَّرَهُ ﴿٢٠﴾

21 Tumuli Panjenengané amatèkaké dhèwèké banjur anamtokaké kuburé,

ثُمَّ أَمَاتَهُ فَأَقْبَرَهُ ﴿٢١﴾

22 Tumuli, samangsa Panjenengané angarsakaké, (banjur) anangèkaké dhèwèké.

ثُمَّ إِذَا شَاءَ أَنْشَرَهُ ﴿٢٢﴾

23 O, dhèwèké iku ora anindakaké apa kang didhawuhaké marang dhèwèké.

كَلَّا لَمَّا يَقْضِ مَا أَمَرَهُ ﴿٢٣﴾

---

mangandikani Kanjeng Nabi bilih Quran punika *tadhkirah*, ingkang limrahipun dipun jarwani *pépéling*; nanging mangga kula aturi mirsani 855, ing ngriku katerangaken bilih tembung *dhikr*, ingkang menggah ing sajatosipun sami kaliyan tembung *tadhkirah*, punika mengku teges *tuking kaluhuran*. Menggah ing sajatos-jatosipun, suraosing dhawuh ing ngriki punika nyethakaken teges punika. Awit ayat 15 lan 16 kalayan terang nyebutaken bilih calon ingkang nyerati Quran punika sami tiyang tulus ingkang badhé ingaji-aji wonten ing jagad. Bab prakawis punika boten namung kenyataan wonten ing sariranipun para titiyang ingkang sami nyerati Quran Suci ing jaman wiwitan kémawon, kadosta Bagéndha Abu Bakr, Bagéndha ‘Umar, Bagéndha ‘Utsman lan Bagéndha ‘Ali, nanging dalasan ing babadipun Quran ing pawingkingipun wonten ugi para nata gung binathara ingkang mengkoni karajan ageng-ageng sami ngupaboga sarana nyerat kitab Quran. Dados piweca wau minangka panglipur dhateng Kanjeng Nabi, murih panjenenganipun boten sungkawa margi para titiyang ingkang sugih-sugih tuwin para panuntun boten purun nganggep panjenenganipun, awit tiyang miskin ingkang purun nganggep panjenenganipun punika badhé sinengkakaken ing ngaluhur alantaran Quran Suci.

2665. *Qaddarahu* punika tarkadhang sok mengku teges sami kaliyan tegesipun tembung *aqdarahu*, inggih punika *ngiyataken*, *ndamel kiyat*, *suka kekiyatan* (Msb, Q, LL). Ambokmanawi ing ngriki mengku teges, bilih Gusti Allah boten namung anitahaken kémawon ing manusa, nanging ugi maringi kekiyatan lan kasagedan, murih piyambakipun saged majeng-majeng manawi piyambakipun purun. Utawi inggih kénging dipun tegesi kados déné ingkang kasebut ing margin. Manawi nganggé teges punika, suraosipun Gusti Allah mrenahaken manusa dumunung wonten ing sawenèh laladan, ingkang wonten ing ngriku piyambakipun saged tumuwuh majeng-majeng, kados déné anggènipun Allah mrenahaken titah sanès-sanèsipun. Punika boten lajeng ateges, bilih Allah namtokaken pun anu lan pun anu nindakaken pandamel saé punika utawi punika, pun anu lan pun anu nindakaken pandamel awon punika utawi punika, punika boten.

24 Lah, bok manusa iku andeleng marang pangané.

فَلْيَنْظُرِ الْاِنْسَانُ اِلٰى طَعَامِهٖٓ ﴿٢٤﴾

Ar. *Déné*

25 *Rak* Ingsun angesokaké banyu gumlogok

اَنَّا صَبَبْنَا الْمَآءَ صَبًّا ﴿٢٥﴾

26 Tumuli Ingsun amecah bumi asigar,

ثُمَّ شَقَقْنَا الْاَرْضَ شَقًّا ﴿٢٦﴾

27 Banjur ing kono Ingsun anukulaké wiji-wiji,

فَاَنْۢبَتْنَا فِيْهَا حَبًّا ﴿٢٧﴾

28 Lan anggur sarta woh kang mupangati

وَّعِنَبًا وَّقَضْبًا ﴿٢٨﴾

29 Sarta zaitun lan kurma,

وَّزَيْتُوْنًا وَّنَخْلًا ﴿٢٩﴾

30 Lan pakebonan kang kakayoné ketel

وَّحَدَآئِقَ غُلْبًا ﴿٣٠﴾

31 Sarta woh-wohan lan pasuketan,

وَّفَاكِهَةً وَّاَبًّا ﴿٣١﴾

32 Pasadhiyan tumrap marang sira lan marang rajakayanira.

مَّتَاعًا لَّكُمْ وَلِاَنْعَامِكُمْ ﴿٣٢﴾

33 Ananging samangsa petak jumalerit tumeka,[2666]

فَاِذَا جَآءَتِ الصَّآخَّةُ ﴿٣٣﴾

34 Dinané wong aninggal lumayu saduluré,

يَوْمَ يَفِرُّ الْمَرْءُ مِنْ اَخِيْهِ ﴿٣٤﴾

35 Lan biyungé sarta bapak-bapaké,

وَاُمِّهٖ وَاَبِيْهِ ﴿٣٥﴾

36 Tuwin rabiné sarta anak-anaké lanang –

وَصَاحِبَتِهٖ وَبَنِيْهِ ﴿٣٦﴾

37 Sarupané wong-wong iku ing dina iku padha duwé urusan dhéwé-dhéwé.

لِكُلِّ امْرِئٍ مِّنْهُمْ يَوْمَئِذٍ شَاْنٌ يُّغْنِيْهِ ﴿٣٧﴾

2666. *Shakhkhah* punika rimbagan saking صخ الاذن ingkang tegesipun (suwanten) *adamel budheging kuping margi saking serunipun*, mila wantahipun tembung wau ateges *pambengok ingkang ambudhegaken margi saking serunipun* (SQ-LL). Awit saking punika tembung wau lajeng kanggé nembungaken dinten kiyamat. Nanging tembung wau ugi ateges sadhéngah bilai utawi kacilakan (Q-LL), utawi *bilai ageng* (TA-LL).

38 Rai-rai ing dina iku (akèh kang) padha bingar,	وُجُوهٌ يَوْمَئِذٍ مُسْفِرَةٌ ٣٨
39 Gumuyu, gambira.	ضَاحِكَةٌ مُسْتَبْشِرَةٌ ٣٩
40 Lan (akèh) ing dina iku rai kang padha reget anjalebut,	وَوُجُوهٌ يَوْمَئِذٍ عَلَيْهَا غَبَرَةٌ ٤٠
41 Peteng anglimputi (rainé) iku.[2667]	تَرْهَقُهَا قَتَرَةٌ ٤١
42 Yaiki wong-wong kang para kafir lan padha duraka.	أُولَٰئِكَ هُمُ الْكَفَرَةُ الْفَجَرَةُ ٤٢

2667. Rai-rai bingar ingkang kapangandikakaken ing ngriki punika ateges *bingah*; déné rai kalimputan pepeteng utawi cemeng punika ateges *susah* utawi *prihatos*.

ركوعها ١ — سُورَةُ التَّكْوِيرِ مَكِّيَّةٌ (٨١) — اٰياتها ٢٩

SURAT 81

AT-TAKWÎR

(*Anglempit*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*29 ayat*)

Katerangan gerban

Namanipun surat punika mirid saking pratélan ingkang kasebut ing ayat ingkang wiwitan piyambak: surya ginulung (tegesipun kula aturi mirsani 2668). Surat punika ugi mangandikakaken kalayan dhapur piweca bab kaluhuran ingkang badhé ginayuh déning Islam, tuwin ambrukipun babar pisan sadaya ingkang milawani Islam. Kathah prakawis-prakawis ingkang kelampahan nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi, ingkang kapangandikakaken ing surat punika; nanging ugi kathah prakawis-prakawis ingkang kelampahanipun taksih bénjingipun ing jaman ingkang badhé dhateng ingkang kasebutaken, makaten ugi prakawis-prakawis ingkang sinipatan kalayan cetha wonten ing jaman kita samangké, inggih kasebutaken déning surat punika. Wosipun anyebutaken sadaya wau, wigatos mangandikakaken bilih menangipun ingkang wekasan Islam wonten ing tanah Arab, sarta lumèbèripun dhateng saindhenging jagad, punika prakawis ingkang yakin piyambak. Surat punika èwonipun dhawuh ingkang katampi Kanjeng Nabi ingkang sepuh piyambak. Bab prakawis tumurunipun ing jaman wiwitan wau, sampun boten wonten semang-semangipun malih. Pratélan ingkang wingking piyambak, ingkang andhawuhaken bilih Quran punika pèpènget tumrap ngalam sadaya, liripun tumrap sadaya umat tuwin sadaya jaman, punika pantes pinèngetan kalayan mligi.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
Ut. *linempit*	1 Samangsa sréngéné *tinutupan*.[2668]	إِذَا الشَّمْسُ كُوِّرَتْ ۝١

2668. Tigawelas ayat ingkang wiwitan punika ngemot tandha-tandha kalihwelas warni ingkang limrahipun kasuraos tandha-tandhanipun kiyamat. Nanging paham kula punika pratélan-pratélan ingkang rnengku piweca, kalayan tetembungan ngibarat, wigatos mangandikakaken telukipun ingkang wekasan mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi ingkang kiyat-kiyat (kalebet ugi titiyang ingkang nunggil jaman kaliyan panjenenganipun, ingkang sami ngawaki piyambak milawani dhateng panjenenganipun, tuwin titiyang ingkang tebih letipun kaliyan jaman sugengipun, ingkang sami asikep mengsahi dhateng yakti ingkang kawulangaken déning panjenenganipun). Wosipun kasebutaken wonten ing dhawuh ingkang mungel *sayekti iku temen tembungé utusan kang minulya, kang kasinungan kakuwatan, kang kudu dienut*. Wiwit ayat 19 saterusipun mengku suraos, bilih kelampahanipun sadaya punika mesthi badhé saged anetepaken manawi Kanjeng Nabi punika pranyata utusan ingkang minulya lan boten ringkih kados pangintenipun mengsah, wangsul kasinungan kakiyatan, sarta panjenenganipun punika mesthi badhé tinurut. Surya ginulung punika mengku teges bilih wekdal mujuripun para mengsahing Islam badhé telas, sarta lajeng badhé dumunung wonten ing salebeting pepetengipun rekaos tuwin kasusahan.

2 Lan samangsa lintang-lintangé dadi peteng,[2669]

وَإِذَا النُّجُومُ انكَدَرَتْ ۝٢

3 Lan samangsa gunung-gunungé padha ginuncang,[2670]

وَإِذَا الْجِبَالُ سُيِّرَتْ ۝٣

4 Lan samangsa unta-unta linirwakaké,[2671]

وَإِذَا الْعِشَارُ عُطِّلَتْ ۝٤

5 Lan samangsa sato galak padha dibuyaraké,[2672]

وَإِذَا الْوُحُوشُ حُشِرَتْ ۝٥

Ut. *sagara-sagara* Ut. *digawé rob*

6 Lan samangsa *nagara-nagara* padha *diobong*,[2673]

وَإِذَا الْبِحَارُ سُجِّرَتْ ۝٦

2669. Lintang-lintang dados peteng punika ateges peteng ndhedhet lilimengan, awit samangsa surya surup, cahyanipun lintang-lintang mitulungi manusa. Nanging ing ngriki kadhawuhaken bilih boten namung papadhanging raina kémawon ingkang badhé sirna, nanging dalasan papadhang ingkang alit-alit, ingkang dipun alap papadhang déning para ingkang sami lalampah ing wanci dalu ingkang peteng ndhedhet, inggih badhé surem, ngantos para titiyang wau boten sami angsal papadhang sakedhik-kedhika.

2670. Redi-redi binuncang tegesipun titiyang ageng para panuntunipun mengsah sami sirna. Mirsanana 1604.

2671. Punika pipiridan kawontenanipun perang ingkang anggigirisi, suraosipun samangsa wonten peperangan ageng, unta-unta dipun umbar kémawon tanpa wonten juru pangènipun. Tembung: عطلت الابل tegesipun *aku ngeculaké unta tanpa ana juru-pangoné kang ngulat-ulataké* (Msb-LL). Utawi, margi saking '*isyâr* utawi *unta èstri* (*ingkang sampun wawrat sadasa wulan*) punika bandha ingkang sakalangkung kathah aosipun tumrap ingkang gadhah, manawi ngantos dipun umbar kémawon, punika nandakaken wonten bilai ingkang anggigirisi; utawi margi saking ingkang dipun betahaken wonten ing paprangan punika kapal, sanès unta. Nanging inggih prayogi dipun terangaken pisan, bilih tetembungan saminipun ingkang kados makaten punika ugi kasebut wonten ing satunggalmg hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang miturut pangandika hadits wau unta-unta linirwakaken punika dados salah satunggaling tandha-tandhanipun dinten akhir, inggih punika ing kalanipun Islam nemahi asor, sarta nalikanipun Masih dipun jumenengaken saking antawisipun tiyang Muslimin, perlu supados anjumenengaken kamenanganipun Islam kaliyan agami sanès-sanèsipun ing jagad. Tembungipun pangandika hadits wau makaten ليتركن القلاص فلا يسعى عليها jawinipun *unta-unta yekti bakal linirwakaké banjur ora dinggo lumaku rikat (dhateng pundi-pundi*). Sajakipun terang manawi ingkang dipun karsakaken wonten ing pangandika hadits punika jaman wontenipun tutumpakan ingkang langkung rikat kanggé tiyang kekésahan. Wontenipun kréta latu (sepur) ing jagad punika, langkung-langkung ing tanah Arab piyambak inggih wonten, punika tétéla mratandhani bilih piweca punika sampun katuhonan wahananipun. Dados kados sampun terang manawi piweca-piweca ingkang kaundhangaken wonten ing ngriki punika magepokan kaliyan jamanipun Kanjeng Nabi Suci tuwin ugi jaman ingkang badhé dhateng. Prayogi dipun pèngeti bilih unta-unta linirwakaken punika boten yèn ta kelampahan ing dinten kiyamat.

2672. *Hasyarahu* tegesipun *ambuyaraké* (LL). Sato galak sami kabuyaraken punika ugi gagayutan kaliyan perang, awit samangsa tiyang kathah nglempak badhé tempuk perang wonten ing saganten-wedhi, sato galak mesthi sami lumajeng sasaran.

2673. Ing ngriki kula boten nganggé jarwan ingkang limrah-limrah, teges ingkang kelimrah dipun anggé déning para tukang anjarwani kula sukakaken wonten ing margin. Suprandéné badhé kula terangaken langkung rumiyin. Manawi dipun tegesi mawi teges ingkang sampun kelimrah, prayogi

7 Lan samangsa wong-wong padha kinumpulaké,[2674]

وَإِذَا النُّفُوسُ زُوِّجَتْ ۝٧

8 Lan samangsa kang dipendhem urip-uripan dinangu;

وَإِذَا الْمَوْءُودَةُ سُئِلَتْ ۝٨

---

dipun pèngeti tembung ingkang dipun agem punika mèh sami kaliyan ingkang kagem wonten ing 52: 6; ing ngriku kasebutaken البحر المسجور *saganten rob*, ingkang mengku suraos ambrukipun panguwaosing mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, kalayan mendhet pipiridan nasib ingkang kasandhang déning mengsahipun Kanjeng Nabi Musa, inggih punika sami kelem wonten ing samodra rob.

Béda malih kaliyan ingkang sampun, tembung *bahr* punika wonten ing paribasan Arab ateges *sirna*; sababipun déné ateges makaten awit sirna ingkang boten saged dipun kinten-kintenaken langkung rumiyin, punika langkung asring pinanggih wonten ing saganten katimbang ing dharatan, jalaran ing saganten boten wonten pitulungan ingkang sumadhiya ing sawanci-wanci, kejawi punika tumrap ing jaman kina tiyang ingkang lalayaran wonten ing saganten punika sakedhik sanget pangajeng-ajengipun saged wangsul kanthi wilujeng, dados *saganten rob* punika tumrap piyambakipun mèh sami tegesipun kaliyan "mesthi sirna." Ing basa Arab wonten ungel-ungelan makaten: يا هادي الليل جرت انما هو البحر او الفجر déning TA ungel-ungelan wau dipun jarwani makaten: *É, juru-pituduhing wengi kowé nyalèwèng saka dadalan sing bener, sirna sing ana, yèn ora iya bangbang wétan* (LL). Makaten ugi tembung واذ البحار فجرت ing 82: 3 punika ugi saged dipun terangaken plek kados makaten punika, déné tembungipun *fujjirat* sami tegesipun kaliyan tembung *sujjirat* ing ngriki. Katranganipun Ka'b bilih *al-bîhar* utawi *saganten* ing ngriki ateges *naraka* (LL), punika ngiyataken pamanggih ingkang kagelar ing ngriki, inggih punika: manawi teges wau dipun anggé, *saganten rob* punika ateges *sirnanipun mengsah*. Katranganing teges sanèsipun malih (mirsanana tegesipun tembang *sujjirat* ing wingking) makaten: *nalika sagara-sagara padha diobong*; déné suraosipun nyasmitani latu ageng angalad-alad ing pundi-pundi panggènan ing saganten, ngantos saganten wau kados dipun besmi. Latu ageng wau kelampahan wonten ing tanah Arab nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi, sarta ing jaman sapunika ugi jagad ketaman latu ageng ingkang kados makaten wau, ingkang nyata saèstu saganten kados tinunu, inggih punika nalika prang Éropah (lan prang donya ingkang kaping kalih. *Peny.*).

Déné jarwan ingkang kula anggé, punika inggih sami déné adhadhasar kateranganing teges ingkang wantah. Tembung *bihâr* punika *jama'*-ipun tembung *bahr* sarta tembung *bahrah* (TA-LL); déné *bahrah* punika sami kaliyan tembung *baldah*, utawi *ardl* (S, Q, TA, I'As) jawinipun *nagari* utawi *kitha* utawi *désa*, "sarta *jama'*-ipun, inggih punika *bihâr* punika dipun anggé nembungaken *nagari, kitha* utawi *dhusun*" (TA-LL). Kula aturi mirsani ugi IAs, panjenenganipun nerangaken: والعرب تسمي المدن والقرى البحار jawinipun *bangsa Arab mastani nagari-nagari lan kitha-kitha punika bihâr.* Tembung *bahrah* (inggih punika *mufrad*-ipun *bihâr*) lan tembung *buhairah* (*tasgir*-ipun *bahrah*), punika wonten ing hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi ugi kanggé nyebut nagari *Madinah*. Dados sampun terang, bilih *nagari* punika ugi dados tegesipun ingkang wantah tembung *bihâr*, boten prabéda lan *saganten*, punika tegesipun wantah *bihâr* wau. Wondéné tembung *sujjirat* dipun tegesi *diobong* (LL) punika dipun rujuki déning para mufassirin; *latu* punika minangka pasemonipun *peperangan* ingkang tumunten badhé kelampahan wonten ing nagari-nagari Arab margi saking anggènipun sarosa milawani yakti. Katranganipun *latu* ingkang dados pasemonipun peperangan, mirsanana 5: 64. Tegesipun *sujjirat* satunggalipun inggih punika *dicampur*; déné maksudipun inggih campuripun dados satunggal wonten ing paprangan, kados déné ingkang kacetha ugi wonten ing dhawuhing ayat candhakipun bab ngempalipun tiyang dados satunggal. Katranganing teges ingkang pundi kémawon ingkang dipun anggé, meksa mengku teges salah satunggal, sirnanipun mengsah ingkang kiyat, utawi peperangan.

2674. Maksudipun, nalika saben golongan sami badhé dipun kempalaken kaliyan ingkang dipun enut (TA-LL) nalika cacawis badhé peperangan.

9 Amarga saka dosa-dosa apa dhèwèké pinatènan,[2675]	بِأَيِّ ذَنۢبٍ قُتِلَتْ ﴿٩﴾
10 Lan samangsa kitab-kitab sinebar,[2676]	وَإِذَا ٱلصُّحُفُ نُشِرَتْ ﴿١٠﴾
11 Lan samangsa langit binuka tutupé,[2677]	وَإِذَا ٱلسَّمَآءُ كُشِطَتْ ﴿١١﴾
12 Lan samangsa naraka diurub-aké,[2678]	وَإِذَا ٱلْجَحِيمُ سُعِّرَتْ ﴿١٢﴾
13 Lan samangsa taman dice-dhakaké,[2679]	وَإِذَا ٱلْجَنَّةُ أُزْلِفَتْ ﴿١٣﴾

2675. Ingkang dipun karsakaken ing ngriki inggih punika adat tata-cara ingkang kelimrah wonten ing antawisipun titiyang Arab sadèrèngipun jaman Islam, inggih punika mendhem gesang-gesangan anakipun ingkang medal èstri, margi kuwatos kalirèn utawi kuwatos nandhang ina. Déné pandhangan punika mengku karsa mangandikakaken wekdal sirnanipun adat tata-cara ingkang biadhab wau, margi tanah Arab kawradinan Islam.

2676. *Shuhuf* punika *jama'*-ipun tembung *shahifah*, ingkang jawinipun *dlancang* utawi *wacucal ingkang dipun serati.* Sajakipun ingkang dipun karsakaken punika bab sumiyaripun Quran Suci ingkang kaserat dados sakitab utawi sapérangan-sapérangan, awit inggih punika ingkang kasebut *kitab kang minulya* ing 80: 13 punika. Murih kelampahanipun punika, perlu langkung rumiyin kekiyatanipun mengsah sinapu tapis. Punika ugi saged mengku karsa mecakaken wekdal ingkang badhé dhateng ing tembé wingkingipun. Nalika jaman majeng-majengipun jagad Islam, boten sakedhik lalabetanipun jagad Islam anggènipun mencaraken serat-serat (*literature*), sarta sadaya fihak sami angakeni bilih gesangipun malih kawruh ing Éropah, ingkang mahanani sumiyaripun serat-serat lan dlancang ngantos kathah sanget, punika inggih wohing panyurungipun Islam nyinau kawruh. Dados sajakipun piweca punika mengku maksud warni kalih, inggih punika sapisan mecakaken jamanipun Kanjeng Nabi Suci, kaping kalihipun mecakaken jaman, ingkang wonten ing basanipun piweca sinebut *jaman akhir*. Kelampahanipun ingkang kalayan angédab-édabi piweca-piweca punika ing jaman kita samangké, punika dados pasaksèn ingkang sampun boten kénging pinaiben malih, bilih Quran Suci punika pranyata asli saking Pangéran, awit ngemungaken Allah Ingkang-Mahawikan Pribadi, ingkang saged amedharaken wawadosing wekdal ingkang badhé dhateng ingkang sakalangkung lebet punika, tur kanthi terang gamblang anggènipun mahyakaken, kawimbuhan malih anggènipun mahyakaken wau ing wekdal ingkang taksih nyamut-nyamut kaliyan jaman kelampahanipun.

2677. Katranganipun ukara punika saha ukara-ukara saminipun punika, mirsanana 2593. Langit binuka tutupipun punika tegesipun: siksa binuka ngeblak. Mila mengku suraos makaten, awit langit makaten kénging winastan minangka pangayoman murih boten ketaman ing kacilakan; utawi margi bilai ingkang ageng-ageng punika winastan tumurun saking langit. Suraos kados makaten punika ugi tumrap ing ukara-ukara bangsanipun ingkang kados makaten punika, kadosta اذا السماء انفطرت jawinipun *nalika langit wus belah* (82: 1) tuwin اذا السماء انشقت *nalika langit* (utawi mendhung) *sigar* (84: 1). Kula aturi nyundhukakaken kaliyan 21: 32 lan 105, lan kula aturi mirsani 1665.

2678. Naraka *dipun urubaken*, punika ateges kadamel samekta nampèni para ingkang sami milawani ing yakti, ingkang sami badhé dipun siksa wonten ing gesang sapunika utawi mengku teges *mubaling peperangan*, ingkang boten kénging boten mesthi badhé nglebur mengsah-mengsahipun yakti.

2679. Suwarga dipun celakaken, punika ateges kelampahanipun sapérangan piweca-piweca bab ganjaranipun para angèstu, awit para angèstu sami kaparingan janji bilih badhé angsal suwarga ing gesang sapunika tuwin ing gesang ing bénjing. Menangipun kaliyan para kafir, punika dados pratandha bilih suwarga ingkang kajanjèkaken punika sampun celak

14 (Lah ing kono) sarupaning jiwa bakal weruh apa kang wus dicepakaké dhéwé.[2680]

عَلِمَتْ نَفْسٌ مَّآ أَحْضَرَتْ ١٤

a. 2438
b. 2606

15 Lah, temen,[a] Ingsun apasaksi[b] kalawan lintang-lintang,

فَلَآ أُقْسِمُ بِالْخُنَّسِ ١٥

16 Kang lumaku turut dalané (lan) andhelik,[2681]

الْجَوَارِ الْكُنَّسِ ١٦

17 Lan wengi nalikané angoncati,

وَالَّيْلِ إِذَا عَسْعَسَ ١٧

18 Sarta gagat-bangun nalikané sumirat,[2682]

وَالصُّبْحِ إِذَا تَنَفَّسَ ١٨

19 Sayekti, iku temen tembungé utusan kang minulya,

إِنَّهُۥ لَقَوْلُ رَسُولٍ كَرِيمٍ ١٩

20 Kang kasinungan kakuwatan, (sarta) adrajad kinurmatan ana ngarsané Kang-kagungan-singangsana,

ذِى قُوَّةٍ عِندَ ذِى الْعَرْشِ مَكِينٍ ٢٠

Ut. *panutan*
Ut. *tuhu pinracaya*

21 *Wong kang kudu dienut,* sarta *tinuhu-tuhu marang apa kang dipracayakaké (marang awaké).*[2683]

مُّطَاعٍ ثَمَّ أَمِينٍ ٢١

2680. Sabda pangandikanipun Kanjeng Nabi ingkang katujokaken dhateng titiyang kafir ingkang tiwas wonten ing paprangan Badr, saged suka katrangan dhateng dhawuh punika ingkang tumrap gesang samangké: "Sayekti aku kabèh wis padha nyipati yèn sabarang kang dijanjèkaké déning Pangéran marang aku kabèh iku nyata. Apa kowé kabèh iya wis nyipati kanyataané barang kang dijanjèkaké déning Pangéran marang kowé kabèh?"

2681. *Al-khunnas* punika *jama'*-ipun *khanis* (saking tembung *khanasa*, jawinipun *bali*), tegesipun *bali*, mengku teges *lintang-lintang* ing saumumipun, awit lintang-lintang wau sami singidan samangsa serap, utawi margi lintang-lintang wau sami boten katingal manawi raina (S-LL), utawi ateges planit-planit (*Saturnus*, *Yupiter*, *Mars*, *Venus*, tuwin *Mercurius*), margi munduripun planit-planit wau (S, Q-ALL). *Alkunnus* punika *jama'*-ipun *kânis* (saking tembung *kanasa*, jawinipun: ménda wanan *lumebu ing kinas*, inggih punika *ing papan pandhelikanipun*), tegesipun *wedhus alasan kang lumebu ing papan pandhelikané* (S-LL), mengku teges *lintang-lintang ingkang sami singidan wonten ing panggènan serapipun* (TA-LL), utawi ateges *planit-planit*, inggih margi kados makaten kawontenanipun wau (TA-LL). Sumpah mawi *lintang-lintang ingkang lumampah turut marginipun tuwin ingkang sami andhelik*, punika ugi wigatos, dhawuh anggatosaken dhateng kacilakaan-kacilakaan ingkang badhé andhawahi para ingkang sami milawani ing yakti. Kula aturi mirsani 2371.

2682. Dalu angoncati tuwin gagat bangun sumirat punika sampun terang, inggih punika pepetenging kabodhoan sirna, gentos surya Islam sumorot nyunaraken cahyanipun.

2683. Limrahipun para mufassirin sami nyuraos bilih ingkang dipun karsakaken ing ayat 19-21 punika malaikat Jibril, awit manut pahamipun, ingkang kapangandikakaken wonten ing 23 punika

22 Lan ora pisan mitranira iku wong owah.

وَمَا صَاحِبُكُم بِمَجْنُونٍ ﴿٢٢﴾

23 Lan sayekti temen Panjenengané andeleng sariranė dhéwé ana ing cakrawala kang cetha.[2684]

وَلَقَدْ رَآهُ بِالْأُفُقِ الْمُبِينِ ﴿٢٣﴾

24 Lan ora pisan Panjenengané iku angumpetaké barang ghaib,[2685]

وَمَا هُوَ عَلَى الْغَيْبِ بِضَنِينٍ ﴿٢٤﴾

25 Sarta ora pisan iku tembungé sétan kang dibendoni,[2686]

وَمَا هُوَ بِقَوْلِ شَيْطَانٍ رَّجِيمٍ ﴿٢٥﴾

26 Lah menyang endi anggonira arep padha lumayu?[2687]

فَأَيْنَ تَذْهَبُونَ ﴿٢٦﴾

27 Iku ora liya kajaba pépéling tumrap sakèhing bangsa-bangsa,

إِنْ هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعَالَمِينَ ﴿٢٧﴾

Jibril. Nanging pangandikanipun Quran punika kados sampun boten wonten malih suraosipun kajawi nuding Kanjeng Nabi Suci piyambak, ingkang kalayan cetha kapangandikakaken *kancanira*. Panjenenganipun punika wonten ing tanah Arab nyata sampun misuwur *al-amin*, jawinipun *kang pinracaya*. Anggènipun Kanjeng Nabi inggih *mutha'*, *kang tinurut*, punika inggih sampun kapangandikakaken wonten ing panggènan sanès, inggih punika ing 4: 64, "anggon-Ingsun angutus utusan iku ora liya kajaba supaya dienut kalawan idining Allah." Kanjeng Nabi *kasinungan kekuwatan* tuwin *minulya*, punika asuraos mecakaken sugengipun ing wekdal ingkang badhé dhateng lan menangipun ingkang wekasan kaliyan mengsah-mengsahipun.

2684. Kanjeng Nabi nguningani sariranipun piyambak wonten ing cakrawala ingkang terang, punika ngisarahaken prabanipun ingkang gumebyar anelahi; bab punika kula aturi nyundhukaken kaliyan 53: 7, lan kula aturi mirsani ugi 2376.

2685. Kanjeng Nabi (sanès malaikat Jibril) ingkang ing ngriki kadhawuhaken sanès *tukang ngumpetaken gaib ingkang cukeng* punika, wigatos anedahaken bilih sabarang ingkang sampun kelampahan rumiyin-rumiyin punika mengku piweca-piweca adiluhung babagan wekdal ingkang badhé dhateng. Kados déné ingkang sampun kula terangaken ing ngajeng, sajatosipun surat punika binukanan kalayan piweca-piweca bab kacilakan ingkang calon badhé andhawahi para mengsah, déné péranganipun ingkang wekasan mangandikakaken kalayan cetha kamenangan saha kaagungaipun Kanjeng Nabi ing wekdal ingkang badhé dhateng.

2686. Punika sanès tembungipun sétan, terangipun: punika sanès pethèkipun juru tenung; terangipun malih: piweca-piwecanipun Quran punika mesthi badhé dipun tetepi punapa mesthinipun. Katranganipun tuwan Sale pantes pinèngetan: "Ayat punika minangka wangsulan dhateng pangawon-awonipun para titiyang kafir, ingkang sami mastani bilih Quran punika namung panunggilanipun pethèk utawi kemayan; awit para titiyang Arab sami gadhah panginten bilih para juru-tenung utawi juru-kemayan punika sami angsal katerangan saking sétan-sétan, jalaran sétan-sétan wau tansah sami mireng-mirengaken ing sakacunggahipun saking para titah ingkang sami dudunung wonten ing langit." Kedah dipun èngeti, samangsa Quran mangandikakaken sétan mireng-mirengaken kalayan salinthutan, punika ingkang dipun karsakaken namung mangandikakaken piyandel Arab jaman kina wau. Wonten ing panggènan pundi kémawon Quran boten naté nyebutaken piyandel punika kalayan pangandika ingkang anedahaken bilih Quran tumut angakeni pangandel Arab kina wau. Kosok wangsulipun, malah kathah pasaksèn-pasaksèn ingkang nedahaken bilih Quran nulak piyandel wau.

2687. Samangsa piweca-piweca iku dituhoni wahanané, sira ora bakal oleh pangayoman.

28 Tumrap sapa-sapa ing antaranira kang kapéngin alaku bener.[2688]

لِمَنْ شَآءَ مِنْكُمْ اَنْ يَّسْتَقِيْمَ ۝٢٨

29 Lan ora bakal sira padha kapéngin kajaba yèn Allah, Pangéraning ngalam kabèh, angarsak-
a. 2633 aké.[a]

وَمَا تَشَآءُوْنَ اِلَّآ اَنْ يَّشَآءَ اللّٰهُ رَبُّ الْعٰلَمِيْنَ ۝٢٩

2688. Mangga, punapa boten éndah lan terang temenan dhawuhipun Quran punika? Quran punika tuking kamulyan tumrap sadaya bangsa ing jagad, suprandéné sagedipun kados makaten punika manawi manusa purun andhèrèk pitedahipun; milanipun lajeng sinambetan ing dhawuh: tumrap sapa-sapa ing antaranira kang kapéngin alaku bener.

سُوْرَةُ الْاِنْفِطَارِ مَكِّيَّةٌ (٨٢) — اٰيَاتُهَا ١٩ — رُكُوْعُهَا ١

SURAT 82

AL-INFITHÂR

(*Belah-Sigar*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*19 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika namanipun mirid saking pratélan ing ayat-ayat ingkang wiwitan: langit belah (sigar), sarta kénging winastan surat punika jodhonipun surat ingkang sampun. Awit surat ingkang sampun, sasampunipun nyebutaken sawenèh tandha-tandha, lajeng nyaring wosipun, inggih punika menangipun Islam ingkang wekasan; déné surat punika, nyebutaken kamenangan wau wonten ing ayat-ayatipun ingkang wiwitan, sarta mangandikakaken ugi para mengsah badhé tanpa daya babar pisan margi saking kamenangan wau. Déné titimangsaning tumurunipun surat punika, boten kathah bédanipun kaliyan surat ingkang sampun.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
Ut. *mendhung*	1 Samangsa *langité* wis belah,	إِذَا السَّمَاءُ انْفَطَرَتْ ۙ ①
	2 Lan samangsa lintang-lintangé wis pating salebar,	وَإِذَا الْكَوَاكِبُ انْتَثَرَتْ ۙ ②
Ut. *sagara-sagara*	3 Lan samangsa *kali-kali* padha dibludagaké,	وَإِذَا الْبِحَارُ فُجِّرَتْ ۙ ③
	4 Lan samangsa kubur-kubur binukak,[2689]	وَإِذَا الْقُبُوْرُ بُعْثِرَتْ ۙ ④

2689. Kawan ayat ingkang wiwitan punika mangandikani kula sami, kados pundi anggesangaken ruhani punika. *Langit belah* punika ateges dhumawahipun pidana dhateng mengsah (mirsanana 2593), utawi manawi *samâ* ing ngriki dipun tegesi *mendhung*, kados déné teges ingkang kaserat wonten ing margin punika, saged mengku teges: *nalika mendhung wis belah lan anurunake banyu marang bumi kang mati*; déné suraosipun: wahyu, ingkang dipun sanépakaken kados déné jawah punika. *Lintang-lintang wis pating salebar* punika saged mengku suraos *sirna*; manawi makaten lajeng mengku maksud bilai andhawahi para mengsah (mirsanana 2371); utawi saged mengku suraos mangandikakaken sumebaripun guru-guru Islam, ingkang kasanépakaken kados déné lintang-lintang. Maksudipun: boten kénging boten mesthi badhé dhateng masakalanipun para tukang mulang-mulangaken yakti sami sumebar wonten ing tanah Arab, salajengipun lajeng mradini saindhenging jagad. *Kali-kali padha dibludagaké* punika cocok kaliyan ingkang kasebutaken kalayan sanépa wonten ing panggènan sanès ing Quran Suci, inggih punika ing 13: 17 "Panjenengané anurunaké banyu saka ing méga, banjur jurang-juranging kali padha mili banyu samurwaté .... kaya mangkono Allah anggoné damel sanépa." Lèpèn-lepèn ambludag punika para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi ingkang tulus, ingkang

Ut. *dilakoni, dilirwakaké*

5 Sarupaning jiwa bakal weruh apa kang *didhisikaké* lan kang *dikèrékaké.*[2690]

عَلِمَتْ نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ وَأَخَّرَتْ ﴿٥﴾

6 O, manusa! apa kang anyinthung sira saka Pangéranira, Ingkang- Minulya,

يَٰٓأَيُّهَا ٱلْإِنسَٰنُ مَا غَرَّكَ بِرَبِّكَ ٱلْكَرِيمِ ﴿٦﴾

7 Kang anitahaké sira banjur anyampurnakaké sira banjur andadèkaké sira sarwa timbang?

ٱلَّذِى خَلَقَكَ فَسَوَّىٰكَ فَعَدَلَكَ ﴿٧﴾

8 Panjenengané amangun sira ing dalem rupa apa kang dadi karsa-Né.

فِىٓ أَىِّ صُورَةٍ مَّا شَآءَ رَكَّبَكَ ﴿٨﴾

9 O, nanging sira padha anggorohaké marang pancasan,

كَلَّا بَلْ تُكَذِّبُونَ بِٱلدِّينِ ﴿٩﴾

10 Lan sayekti, temen ana kang padha anjaga marang sira,

وَإِنَّ عَلَيْكُمْ لَحَٰفِظِينَ ﴿١٠﴾

11 Para juru nulisi minulya,

كِرَامًا كَٰتِبِينَ ﴿١١﴾

12 Padha meruhi apa kang padha sira lakoni.[2691]

يَعْلَمُونَ مَا تَفْعَلُونَ ﴿١٢﴾

margi kapenuhan ngélmu kapangéranan, lajeng ambanjiri pasiten ingkang garing ing tanah Arab lan ing sajawinipun tanah Arab kalayan ngélmunipun wau. (Nanging kula aturi mirsani ugi 2673). Kubur-kubur sami kabikak punika mengku suraos kiyamat ruhani badhé katindakaken déning Kanjeng Nabi, awit kalayan cetha sampun kadhawuhaken bilih tiyang ingkang risak budipakertinipun punika dumunung ing kubur (35: 22). Dados ayat sakawan punika sadaya wigatos mangandikakaken éwah-éwahan ageng, ingkang badhé kelampahan wonten ing tanah Arab déning piwulangipun Kanjeng Nabi. Déné dhawuh-dhawuh wau ugi mengku maksud ingkang lebet malih, inggih punika wigatos mangandikakaken kiyamat ageng, kiyamatipun tiyang pejah, punika sampun genah, boten perlu pinaiben malih.

2690. Ayat punika ngiyataken prakawis ingkang sampun katerangaken wonten ing tafsir ingkang sampun. Qaffal gadhah paham bilih sumerepipun jiwa ingkang kapangandikakaken wonten ing ngriki punika badhé wewah-wewah samangsa sampun ngajengaken dinten kiyamat (Rz). Nanging gumelaripun ingkang langkung sampurna malih badhé kelampahan wonten ing gesang sasampunipun pejah.

2691. Pandamelipun manusa dipun serati lan angedalaken woh, punika salah satunggaling piwulangipun agami Islam ingkang mangka tatales. Mesthi kémawon ingkang makaten punika boten teka ateges bilih para malaikat sami lenggah ngadhep méja ingkang wonten wadhahipun mangsi, sarwi ngasta kalam, kados déné juru-serat makaten, lajeng anyatheti bilih pun anu nalika wanci makaten nindakaken pandamel saé anu utawi pandamel awon anu, punika boten. Punika nama damel kisruh dhateng piwulangipun Quran. Tembung *nulis*, *kitab*, lan *juru-nulisi*, punika namung kanggé anedahaken bilih sadhéngah pandamel punika rineksa lan rinimatan murih wontena tabetipun; déné mila dipun tembungaken makaten wau, jalaran sasumerepipun manusa, *seratan* punika cara ingkang saé piyambak kanggé ngrimati barang ingkang sampun kelampahan. Kados pundi caraning anggènipun nyerat lan

13 Sayekti, para tulus iku temen bakal padha ana sajroning nugraha,

إِنَّ ٱلْأَبْرَارَ لَفِى نَعِيمٍ ١٣

14 Lan sayekti, para duraka temen bakal padha ana sajroning geni murub,

وَإِنَّ ٱلْفُجَّارَ لَفِى جَحِيمٍ ١٤

15 Bakal padha mlebu mrono ing dinané pancasan

يَصْلَوْنَهَا يَوْمَ ٱلدِّينِ ١٥

16 Lan ora bakal dhèwèké padha oncat saka ing kono.

وَمَا هُمْ عَنْهَا بِغَآئِبِينَ ١٦

17 Lan apa kang meruhaké ing sira, apa dina pancasan iku?

وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا يَوْمُ ٱلدِّينِ ١٧

18 Manèh apa kang meruhaké ing sira, dina pancasan iku apa?

ثُمَّ مَآ أَدْرَىٰكَ مَا يَوْمُ ٱلدِّينِ ١٨

19 Dinané ora ana sawijining jiwa bisa andayani sathithik-thithika marang jiwa (liyané); lan ing dina iku sagunging préntah ana astaning Allah.

يَوْمَ لَا تَمْلِكُ نَفْسٌ لِّنَفْسٍ شَيْـًٔا ۖ
وَٱلْأَمْرُ يَوْمَئِذٍ لِّلَّهِ ١٩

ngrimati, sinten malaikatipun ingkang tinanggenah ing wajib nyerati lan ngrimati wau, punapa déné kados punapa badhé wujuding kitab ingkang badhé dipun anggé pasaksi lumawan tiyang ingkang lepat punika sadaya kawontenan ingkang mrojol saking pangawruh kita ing samangké punika. Nanging bab prakawis sadaya tindak kita rinimat, ingkang wohipun mesthi kita seksèni kalayan jangkep langkep punika kasunyatan ingkang sampun boten saged pinaiben malih. Manawi *ponogram* (*gramapun*) saged mèngeti tetembungan kula plek kados nalika kula ucapaken, kathik kanthi cara ingkang kala rumiyin-rumiyinipun dèrèng kasumerepan, punapa nama anèh manawi anggènipun nyatheti tindak kita punika katindakaken mawi sawenèh cara ingkang ing samangké dèrèng saged kita kantak-kantakaken?

(١) رُكُوعُهَا — سُوْرَةُ الْمُطَفِّفِيْنَ مَكِّيَّةٌ (٨٣) — اٰيَاتُهَا ٣٦

SURAT 83

AT-TATHFÎF

(*Ingkang sami nglirwakaken*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*36 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika nglepataken para titiyang *ingkang sami lirwa ing wajib*, mila lajeng kanamakaken makaten wau. Kosokwangsulipun, para titiyang ingkang sami netepi kawajiban-kawajibanipun, mesthi badhé jinunjung ing ngaluhur. Dados surat punika taksih nglajengaken bab-bab ingkang kawarsitakaken wonten ing surat-surat ingkang sampun. Punapa sababipun para tulus sami raharja? Jalaran para tulus wau sami netepi kawajiban-kawajibanipun tuwin nuhoni prajanjian-prajanjianipun. Punapa sababipun para tiyang lepat sami kapitunan tuwin risak? Awit para titiyang wau sami tiyang ingkang lirwa ing wajib tuwin boten nuhoni prajanjian-prajanjianipun. Surat punika mulangaken jejeg saha adil ing dalem bab prakawis sasatungan kaliyan tiyang sanès. Tumurunipun kagolong ing jaman Makkah wiwitan.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
	1 Cilaka tumrap kang padha nglirwakaké,[2692]	وَيْلٌ لِّلْمُطَفِّفِيْنَ ۝١
	2 Kang samangsa naker saka wong liya, (tumrap awaké dhéwé), panakeré genep,	الَّذِيْنَ اِذَا اكْتَالُوْا عَلَى النَّاسِ يَسْتَوْفُوْنَ ۝٢

2692. *Al-muthaffifîn* punika boten namung ateges titiyang ingkang nyuda taker utawi migunakaken timbangan lan takeran palsu kémawon. *Muthaffif* (rimbagan *mufrad*, manawi ingkang kagem wonten ing dhawuh ngriki *jama'*) punika *isim fa'il* (kriya wacaka) asli saking tembung kriya *thaffafa*, jawinipun *ngurangi* (TA-LL) kalayan mengku suraos ing saumumipun, mila lajeng wonten ukara طفف على عياله jawinipun *dhèwèké ngurangi krabaté kang tunggal saomah* utawi *dhèwèké nyuda waragading krabaté kang tunggal saomah* (TA-LL). Makaten ugi tetembungan طفف على الرجل tegesipun *dhèwèké menèhi wong mau luwih sathithik katimbang olèh-olèhané dhèwèké saka wong mau* (TA-LL). Pangandikanipun Bagéndha 'Umar ingkang dipun riwayataken déning IAs, saged suka papadhang bab panganggénipun tembung *thaffafa*. Wonten satunggaling tiyang nindakaken sembahyang boten wonten ing wekdalipun; nalika dipun dangu déning Bagéndha 'Umar piyambakipun lajeng ngaturaken sabab-sababipun; Bagéndha 'Umar lajeng ngandika *thaffafta*, ingkang déning IAs katerangaken mengku teges *naqashta* jawinipun: *kowé wis nglirwakaké barang kang mesthiné kudu kok tindakaké*. Dados *muthaffifîn* punika *tiyang ingkang lirwa*, inggih punika nglirwakaken kawajibanipun. *Naker saka wong liya* tuwin *naker tumrap wong liya*, ing ayat kakalih candhakipun, punika ugi kedah kasuraos ing saumumipun.

3 Lan samangsa anaker utawa nimbang tumrapa wong liya dikurangi,	وَإِذَا كَالُوهُمْ أَوْ وَّزَنُوهُمْ يُخْسِرُونَ ۝٣
4 Apa iku padha ora ngira, yèn dhèwèké bakal tinangèkaké.	أَلَا يَظُنُّ أُولَٰٓئِكَ أَنَّهُمْ مَّبْعُوثُونَ ۝٤
5 Tumrap dina kang gedhé,	لِيَوْمٍ عَظِيمٍ ۝٥
6 Dinané manusa padha ngadeg angadhep Pangéraning ngalam kabèh?	يَوْمَ يَقُومُ النَّاسُ لِرَبِّ الْعَٰلَمِينَ ۝٦
7 O, Sayekti, kitabé para duraka iku temen ana ing pakunjaran.[2693]	كَلَّآ إِنَّ كِتَٰبَ الْفُجَّارِ لَفِي سِجِّينٍ ۝٧
8 Lan apa kang meruhaké sira, pakunjaran iku apa?	وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا سِجِّينٌ ۝٨
9 Kitab kang katulis.	كِتَٰبٌ مَّرْقُومٌ ۝٩
10 Cilaka ing dina iku tumrap para kang anggorohaké,	وَيْلٌ يَوْمَئِذٍ لِّلْمُكَذِّبِينَ ۝١٠
11 Kang padha anggorohaké marang dina pancasan.	الَّذِينَ يُكَذِّبُونَ بِيَوْمِ الدِّينِ ۝١١
12 Lan ora bakal anggorohaké iku kajaba sarupané kang mlangkah wates, wong dosa;	وَمَا يُكَذِّبُ بِهِۦٓ إِلَّا كُلُّ مُعْتَدٍ أَثِيمٍ ۝١٢

2693. Déning sawenèh ngulami *sijjîn* punika dipun anggep namanipun satunggaling panggènan ingkang sakalangkung asor kawontenanipun; nanging kasebutipun tembung punika wonten ing satunggaling hadits kalayan dipun ater-ateri *al*, punika mratandhani bilih tembung punika tembung aran ingkang boten tartamtu dados namanipun satunggaling barang utawi kawontenan ingkang sampun gumathok (ويؤتى بكتابه مختوما فيوضع فى السجين) (IAs). LA nerangaken *sijjîn* punika sami kalayan *sijn*, jawinipun *pakunjaran*. Lan inggih teges punika ingkang dipun pilih déning Zy, A'Ub tuwin Mubarrad (Rz). Nanging pakunjaran punika kedah boten kasuraos *griya pakunjaran* (*sepiran* utawi *buèn*), awit Quran piyambak sampun anerangaken wonten ing ayat-ayat candhakipun, punapa ta pakunjaran punika. Kapangandikakaken bilih punika kitab kang katulis. Wondéné sababipun déné kitab kang katulis, utawi pèngetan ingkang minangka kanggé nyatheti pandamelipun para ingkang atindak awon winastan pakunjaran, jalaran kitab wau ngunjara anggota nindakaken kasaénan ingkang kanggé kados déné wonten ing salebeting pakunjaran, lan malih wohing tindakipun ingkang awon punika ngalang-alangi kamajenganipun. Kula aturi mirsani ayat 14 lan 15, ing ngriku kapangandikakaken bilih tindakipun para ingkang sami atindak awon punika dados bolot wonten ing rnanahipun, lan ing salajengipun para titiyang wau sami kasebutaken manawi sami *kaling-kalingan saking Pangéranipun*.

13 Samangsa dhèwèké diwacakaké timbalan-timbalan-Ingsun calathuné: Dongèngan wong kuna.

إِذَا تُتْلَىٰ عَلَيْهِ آيَاتُنَا قَالَ أَسَاطِيرُ الْأَوَّلِينَ ﴿١٣﴾

14 O, balik malah apa kang sabené ditindakaké, dadi kaya bolot ing atiné

كَلَّا ۖ بَلْ ۜ رَانَ عَلَىٰ قُلُوبِهِم مَّا كَانُوا يَكْسِبُونَ ﴿١٤﴾

15 O, sayekti ing dina iku dhèwèké padha kaling-kalingan saka Pangérané.[2694]

كَلَّا إِنَّهُمْ عَن رَّبِّهِمْ يَوْمَئِذٍ لَّمَحْجُوبُونَ ﴿١٥﴾

16 Sayekti, banjur padha lumebu ing geni murub.

ثُمَّ إِنَّهُمْ لَصَالُو الْجَحِيمِ ﴿١٦﴾

17 Banjur didhawuhaké: Iki kang padha kogorohaké biyèn.

ثُمَّ يُقَالُ هَٰذَا الَّذِي كُنتُم بِهِ تُكَذِّبُونَ ﴿١٧﴾

18 O, sayekti, kitabé para tulus iku temen ana ing panggonan kang luhur.[2695]

كَلَّا إِنَّ كِتَابَ الْأَبْرَارِ لَفِي عِلِّيِّينَ ﴿١٨﴾

19 Lan apa kang meruhaké sira, panggonan kang luhur iku apa?

وَمَا أَدْرَاكَ مَا عِلِّيُّونَ ﴿١٩﴾

20 Kitab kang katulis,

كِتَابٌ مَّرْقُومٌ ﴿٢٠﴾

21 Para kang kaparek (ing Allah) bakal aneksèni iku.

يَشْهَدُهُ الْمُقَرَّبُونَ ﴿٢١﴾

2694. Ing ngriki katerangaken siksanipun tiyang duraka punika *kaling-kalingan saka Pangérané*. Ingkang makaten wau inggih menggah ing siksanipun wonten ing gesang sapunika punika, lan inggih menggah ing *nerakanipun* ing akhirat, kados déné ingkang kasebutaken kalayan terang wonten ing ayat candhakipun.

2695. Sawenèh amastani bilih *'illiyyun* punika *jama'*-ipun *'illiy*, sawenèhipun malih mastani *jama'*-ipun *'illiyyah*, sawenèhipun malih mastani bilih tembung wau boten wonten *mufrad*-ipun (TA-LL). Boten prabéda lan tembung *sijjin*, sawenèh ngulami nganggep manawi tembung, *'illiyyin* punika tembung aran ingkang sampun gumathok namanipun satunggaling barang. Nanging ngulami sanès malih gadhah paham (paham ingkang leres), bilih tembung punika mengku teges: (saking tembung *'alâ*, jawinipun *inggil*) اعلى الا مكنة واشرف المراتب واقربها من الله في الدار الاخرة jawinipun *dhuwur-dhuwuré panggonan lan mulya-mulyané pangkat lan kang abanget dhéwé anggoné nyedhakaké (manusa) marang Allah ana ing omah akhirat* (IAs). Nanging kapèngetana, bilih boten prabéda lan tembung *sijjin*, tembung *'illiyyûn* wau sanès namanipun satunggaling panggènan, nanging namanipun seratan (ayat 20); Q tuwin Az inggih kados makaten punika anggènipun nerangaken. Dados *panggonan kang luhur*, punika cathetaning pandamel saé, ingkang murugaken manusa saged sumengka ing ngaluhur lan ngrantasi ranté ingkang ngiket piyambakipun kaliyan pépénginan ingkang asor.

	22 Sayekti, para tulus iku temen bakal padha ana sajroning nugraha,	إِنَّ الْأَبْرَارَ لَفِي نَعِيمٍ ﴿٢٢﴾
	23 Ana ing katil dhuwur (kambi) anyawang-nyawang;	عَلَى الْأَرَائِكِ يَنْظُرُونَ ﴿٢٣﴾
Ar. *sira weruh*	24 *Katon* ing rainé cahyaning nugraha.	تَعْرِفُ فِي وُجُوهِهِمْ نَضْرَةَ النَّعِيمِ ﴿٢٤﴾
	25 Padha pinaringan ngombé ombèn-ombèn bening, kang diecap.	يُسْقَوْنَ مِنْ رَحِيقٍ مَخْتُومٍ ﴿٢٥﴾
Ut. *lak*	26 *Tutupé* (mawa) kasturi; mulané para sing nyrempeng angarah, lah angaraha iku.	خِتَامُهُ مِسْكٌ ۚ وَفِي ذَٰلِكَ فَلْيَتَنَافَسِ الْمُتَنَافِسُونَ ﴿٢٦﴾
	27 Lan campurané arupa banyu kang turun marang dhèwèké saka ing dhuwur,[2696]	وَمِزَاجُهُ مِنْ تَسْنِيمٍ ﴿٢٧﴾
	28 Tuk kang dadi ombènombèné para kang kaparek (maring Allah).	عَيْنًا يَشْرَبُ بِهَا الْمُقَرَّبُونَ ﴿٢٨﴾
	29 Sayekti, para kang padha dosa iku gawéné angguguyu para kang padha angèstu.	إِنَّ الَّذِينَ أَجْرَمُوا كَانُوا مِنَ الَّذِينَ آمَنُوا يَضْحَكُونَ ﴿٢٩﴾
	30 Lan samangsa padha angliwati dhèwèké, padha kedhèpkinedhèpan.	وَإِذَا مَرُّوا بِهِمْ يَتَغَامَزُونَ ﴿٣٠﴾
	31 Lan samangsa padha bali marang golongané, baliné kalawan agiyak-giyak.	وَإِذَا انْقَلَبُوا إِلَىٰ أَهْلِهِمُ انْقَلَبُوا فَكِهِينَ ﴿٣١﴾

2696. Limrahipun *tasnîm* punika kaanggep tembung aran ingkang dados namanipun satunggaling barang ingkang tertamtu. Nanging manawi angèngeti rembagipun tembung *sijjin* lan *'illiyyûn* ing ngajeng, anggènipun negesi Zy: *banyu kang tumurun marang dhèwèké saka ing dhuwur* (LL), punika langkung prayogi. Toya ingkang tumurun saking nginggil, punika menggahing ruhani ateges *ma'rifat ing Allah* (Rz), jalaran inggih saking tuk punika, ombèn-ombèn ingkang dipun ombé déning titiyang ingkang keparek dhateng Allah (ayat 28). Wondéné kawontenanipun ombèn-ombèn tuwin toya ing akhirat, punika boten saged katerangakaken, margi nugraha ing suwarga punika kapangandikakaken déning Kanjeng Nabi Suci: "Durung kasumurupan ing mripat, durung rinungu ing kuping, lan durung kumrenteg ana ing ati."

وَإِذَا رَأَوْهُمْ قَالُوٓا۟ إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ لَضَآلُّونَ ﴿٣٢﴾

32 Lan samangsa angingetaké dhèwèké, acalathu: Satuhu iki padha sasar.

وَمَآ أُرْسِلُوا۟ عَلَيْهِمْ حَٰفِظِينَ ﴿٣٣﴾

Ar. *lan*

33 *Mangka* ora padha diutus supaya angreksa marang dhèwèké.

فَٱلْيَوْمَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مِنَ ٱلْكُفَّارِ يَضْحَكُونَ ﴿٣٤﴾

34 Ananging ing dina iki para kang angèstu padha angguguyu para kafir;[2697]

عَلَى ٱلْأَرَآئِكِ يَنظُرُونَ ﴿٣٥﴾

35 Ana ing katil dhuwur (kambi) anyawang-nyawang.

هَلْ ثُوِّبَ ٱلْكُفَّارُ مَا كَانُوا۟ يَفْعَلُونَ ﴿٣٦﴾

36 Sayekti, para kafir kaparingan pituwas miturut apa kang wus padha dilakoni.

2697. Para angèstu anggugujeng punika boten kénging kasuraos walaka. Tembung *dlâhikah*, ingkang tegesipun wantah *gumujeng*, punika ugi kasebut wonten ing panggènan sanès tumrap rai-rainipun para titiyang tulus (80: 39), sarta namung ateges *sumunaring pangajeng-ajeng wonten ing rainipun*. Dados tumrap ingkang makaten punika, gumujeng punika namung medharaken kawontenan bingah, ingkang mesthinipun anjalari tiyang lajeng gumujeng. Kawontenanipun titiyang mukmin lan titiyang kafir ingkang gilir-gumantos, punika menggah ing sajatos-jatosipun kelampahan wonten ing gesang sapunika punika, sarta sanadyan titiyang Muslimin punika gadhah wewenang anggugujeng titiyang, ingkang ing sawatawis wekdal anggugujeng dhateng para titiyang Muslimin, suprandéné titiyang Muslimin boten purun tumindak makaten, nanging malah mintonaken sihipun dhateng piyambakipun. Punika anedahaken bilih pangandika ingkang mangandikakaken para angèstu wonten ing akhirat sami anggugujeng, punika inggih mengku suraos éntar. Maksudipun kaluhuranipun para angèstu, punika kados déné para mengsah-mengsahipun, nalika sami ngalami kaluhuran, inggih punika nalika sami anggugujeng para angèstu.

(٨٤) سُوْرَةُ الْإِنْشِقَاقِ مَكِّيَّةٌ — آيَاتُهَا ٢٥ — رُكُوْعُهَا ١

SURAT 84

AL-INSYIQÂQ

(*Sigar*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*25 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika ugi kanamakaken mirid pratélan ing ayat ingkang wiwitan piyambak, inggih punika: mendhung *sigar*. Ingkang kawarsitakaken sami kaliyan ingkang kawarsitakaken ing surat ingkang sampun, inggih punika ganjaranipun para tulus, sarta kawontenanipun ingkang awon para ingkang sami manggung wonten ing dalem awon, ugi kadhawuhaken. Surat punika kaanggep salah satunggaling dhawuh ingkang sepuh sanget.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
Ut. *langité*	1 Samangsa *mendhung* sigar,[2698]	إِذَا السَّمَاءُ انْشَقَّتْ ۝١
	2 Sarta angéstokaké marang Pangérané tuwin dinadèkaké bisa (mangkono).[2699]	وَأَذِنَتْ لِرَبِّهَا وَحُقَّتْ ۝٢
Ut. *diratak-aké*	3 Lan nalika buminé *ginelar*,[2700]	وَإِذَا الْأَرْضُ مُدَّتْ ۝٣

2698. Gangsal ayat ingkang wiwitan surat punika mangandikakaken kawontenan limrah ing dalem ngalam punika, inggih punika tumurunipun jawah tuwin tumuwuhipun thuthukulan, minangka kanggé kupiya bab pambangunan ingkang badhé dipun wontenaken déning wahyuning Pangéran. Kateranganipun tembung *as-samâ'* ingkang ateges *mendhung*, kula aturi mirsani 33. Ing Quran Suci samangsa *as-samâ'* lan *al-ardl* punika kapangandikakaken sareng, asring sanget mengku suraos dhawuh anggatosaken dhateng kawontenan-kawontenan ing ngalam kados makaten punika; milanipun tegesipun ingkang limrah cekap kula serat wonten ing margin; déné manawi teges ingkang wonten ing margin punika ingkang dipun anggé, suraosipun kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing 2593.

2699. أذن له tegesipun *angéstokaké dhèwèké* (LL). Mendhung utawi langit angéstokaken dhateng Pangéranipun ing ayat punika, sarta bumi angéstokaken dhateng Pangéranipun ing ayat 5, punika tegesipun ambangun-turut dhateng dhawuh-Ipun. Pangandika warni kalih wau kasambetan ing tembung *huqqat*, suraosipun bilih sadaya wau dipun damel saged angéstokaken tuwin ambangun-turut dhateng dhawuh-dhawuhipun Pangéran, terangipun: pancèn sampun dados kudrat tumitahipun déné sami sumarah ingkang ambabar pisani dhateng dhawuhipun Pangéran punika.

2700. *Maddahu* tegesipun *nyènèng*, *anggelar, anjèmbrèng, njèrèng* (LL). Bumi *dipun gelar* tegesipun sami kaliyan *ébah* lan *mbedhodhok* ing 22: 5 tuwin 41: 39, "Lan sawenèhing tandha-tandha-Né, yaiku déné sira andeleng bumi iku meneng baé, nanging samangsa Ingsun anurunaké banyu ing

	4 Lan angetokaké apa isiné sarta dadi kosong,	وَأَلْقَتْ مَا فِيهَا وَتَخَلَّتْ ﴿٤﴾
	5 Sarta angèstokaké marang Pangérané tuwin didadèkaké bisa (mangkono).	وَأَذِنَتْ لِرَبِّهَا وَحُقَّتْ ﴿٥﴾
	6 O, manusa! sayekti sira iku kudu nyarempeng kang mantheng (supaya tumeka) marang Pangéranira, nganti sira katemu (karo) Panjenengané.[2701]	يَا أَيُّهَا الْإِنْسَانُ إِنَّكَ كَادِحٌ إِلَىٰ رَبِّكَ كَدْحًا فَمُلَاقِيهِ ﴿٦﴾
	7 Ana déné wong kang kitabé diparingaké marang tangané tengen,	فَأَمَّا مَنْ أُوتِيَ كِتَابَهُ بِيَمِينِهِ ﴿٧﴾
Ar. *dhèwèké*	8 *Iki* bakal diétung kalawan pétungan kang gampang,	فَسَوْفَ يُحَاسَبُ حِسَابًا يَسِيرًا ﴿٨﴾
	9 Sarta bakal bali marang wargané kalawan seneng.	وَيَنْقَلِبُ إِلَىٰ أَهْلِهِ مَسْرُورًا ﴿٩﴾
	10 Wondéné wong kang kitabé diparingaké ing saburining gegeré,	وَأَمَّا مَنْ أُوتِيَ كِتَابَهُ وَرَاءَ ظَهْرِهِ ﴿١٠﴾
Ar. *dhèwèké*	11 *Iki* bakal angundang-undang (tekaning) bilai,	فَسَوْفَ يَدْعُو ثُبُورًا ﴿١١﴾
	12 Sarta malebu ing geni murub.	وَيَصْلَىٰ سَعِيرًا ﴿١٢﴾

kono, banjur obah sarta mbedhodhok" (41: 39). Mirsanana 2210, ing ngriku katerangaken bilih tegesipun punika *nukulaken thuthukulan*; déné maksudipun tumrap ing ngriki lan dhawuh nginggil wau, kalayan éntar mengku teges bilih wahyuning Pangéran punika kawasa anggesangaken ruhaniyahipun manusa. Tegesipun bumi dipun gelar punika kacethakaken wonten ing ayat sambetipun: *lan angetokaké apa isiné lan dadi kosong*, inggih punika: bandha ingkang sumimpen wonten ing dalem bumi kawedalaken margi saking tumuruning jawah. Manawi teges satunggalipun ingkang kasebut wonten ing margin punika ingkang dipun anggé, bumi dipun waradin punika ateges titiyang ageng ingkang sami nganggep awakipun piyambak santosa kados déné redi, dipun sirnakaken ngantos tapis; déné bumi angéstokaken dhateng Pangéran, punika mengku teges bilih ing wasananipun para manusa sami badhé ambangun-turut dhateng dhawuh-dhawuhipun Pangéran. Makaten punika manawi dhawuh pratélan punika kita suraos mengku teges ingkang tumrap gesang ing sapunika punika. Déné bab prakawis risakipun ingkang wekasan bumi lan langit, sampun boten perlu katerangaken malih.

2701. Punika bobontosanipun prakawis angsal-angsalaning panglimbang-limbang dhateng suraosing dhawuhipun ayat gangsal ingkang wiwitan wau. Tiyang punika kedah nyarempeng murugi dhateng Pangéranipun. Tiyang ingkang tumindak makaten punika, wekasanipun badhé manggih kabingahan (ayat 9), déné tiyang ingkang manggung andurusi kasenenganipun dhateng gesang sapunika (ayat 13), ing tembé wingkingipun mesthi badhé manggih kasusahan (ayat 11).

	13 Sayekti, dhèwèké iku biyèn ana ing (kalangané) para wargané padha seneng.	إِنَّهُۥ كَانَ فِىٓ أَهْلِهِۦ مَسْرُورًا ﴿١٣﴾
	14 Sayekti, dhèwèké padha nyana, yèn ora bakal bali.	إِنَّهُۥ ظَنَّ أَن لَّن يَحُورَ ﴿١٤﴾
	15 O! sayekti Pangérané iku tansah amirsani marang dhèwèké.	بَلَىٰٓ ۚ إِنَّ رَبَّهُۥ كَانَ بِهِۦ بَصِيرًا ﴿١٥﴾
a. 2438	16 Lan temen, Ingsun apasaksi[a] kalawan méga layung,	فَلَآ أُقْسِمُ بِٱلشَّفَقِ ﴿١٦﴾
	17 Lan wengi sarta apa kang dibereg.	وَٱلَّيْلِ وَمَا وَسَقَ ﴿١٧﴾
	18 Tuwin rembulan, nalikané dadi purnama,[2702]	وَٱلْقَمَرِ إِذَا ٱتَّسَقَ ﴿١٨﴾
	19 Sayekti sira bakal lumebu ing sawijining kahanan saka ing kahanan liyané.[2703]	لَتَرْكَبُنَّ طَبَقًا عَن طَبَقٍ ﴿١٩﴾
	20 Lah, apa ta karanané, déné dhèwèké padha ora angèstu,	فَمَا لَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٢٠﴾
b. 978	21 Sarta samangsa diwacakaké Quran padha ora sumungkem?[b]	وَإِذَا قُرِئَ عَلَيْهِمُ ٱلْقُرْءَانُ لَا يَسْجُدُونَ ۩ ﴿٢١﴾
	22 O, para kang padha kafir padha anggorohaké.	بَلِ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ يُكَذِّبُونَ ﴿٢٢﴾

2702. Ayat 16-18 wigatos andhawuhaken migatosaken dhateng kawontenanipun kudrat sanèsipun malih, ingkang lèrègipun nedahaken sirnaning panguwaosipun bangsa Arab. *Syafaq*, utawi *méga layung* ing ngriki punika ateges surupipun suryaning panguwaosipun bangsa Arab, daluning kasangsaran ingkang ing samangké badhé andhawahi piyambakipun, ngukut kakantunaning papadhang ingkang taksih wonten tilas-tilanipun ing nalika punika. Nanging piyambakipun boten teka lastantun ing salamilaminipun klelep wonten ing salebeting pepeteng, awit rembulan (Kanjeng Nabi) sampun andhadhari sarta tumunten badhé ngancik purnama, samangsa bangsa Arab medal aneluk-nelukaken jagad.

2703. Dhawuh punika nyethakaken malih suraosipun ayat titiga ingkang sampun. Kawontenanipun ingkang sapisan: kawontenan kuwaos, ingkang ing samangké susut déning rawuhipun Kanjeng Nabi; sanépanipun kados déné layung, ingkang wontenipun namung ing sawatawis wekdal lajeng sirna. Lajeng tinungka ing daluning sangsara, ingkang anyirnakaken babar pisan papadhang, liripun anyirnakaken tilas-tilasing panguwaos ingkang taksih wonten. Punika lajeng tinungka malih ing kawontenan anyar, ing ngriku rembulan (pralampitanipun bangsa Arab), andadari kalayan cahyanipun ingkang gumebyar anelahi. Para mufassir sami nyuraos ayat punika dados piweca ingkang mecakaken kamenanganipun Kanjeng Nabi ingkang wekasan (Rz).

23 Lan Allah iku luwih udani marang apa kang disingidaké.	وَاللّٰهُ اَعْلَمُ بِمَا يُوْعُوْنَ ﴿٢٣﴾
24 Mulané padha wartanana siksa kang anglarani,	فَبَشِّرْهُمْ بِعَذَابٍ اَلِيْمٍ ﴿٢٤﴾
25 Kajaba para kang padha angèstu lan anglakoni panggawé becik; iki padha olèh ganjaran kang tanpa pedhot.	اِلَّا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَهُمْ اَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُوْنٍ ﴿٢٥﴾

سُورَةُ الْبُرُوجِ مَكِّيَّةٌ (٨٥) آيَاتُهَا ٢٢ رُكُوعُهَا ١

SURAT 85

AL-BURÛJ

(*Lintang-lintang*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*22 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika namanipun mirid saking pratélan ing ayat ingkang wiwitan piyambak, inggih punika langit kebak *lintang-lintang*, kanggé nyasmitakaken suburipun bangsa Arab. Babad lalampahan ing kina nedahaken, manawi piyambakipun angemohi nabinipun, lintanging kabegjanipun mesthi surem sareng kaliyan anggènipun angemohi wau. Wonten ing antawisipun jaman Makkah wiwitan surat punika kénging kagolongaken wahyu ingkang sepuh.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
a. 2099	1 Amramanakna[a] langit, kebak lintang-lintang,	وَالسَّمَاۤءِ ذَاتِ الْبُرُوْجِۙ ١
	2 Sarta dina pangancam,	وَالْيَوْمِ الْمَوْعُوْدِۙ ٢
	3 Apa déné saksi lan kang sinaksènan[2704]	وَشَاهِدٍ وَّمَشْهُوْدٍۗ ٣
Ar. *mitra-ning*	4 Tiniban bebendu *para kang ana* jugangan.[2705]	قُتِلَ اَصْحٰبُ الْاُخْدُوْدِۙ ٤

2704. Ayat titiga ingkang minangka bubuka punika nandhing kawontenaning mengsahipun Kanjeng Nabi ingkang sakawit kaliyan kawontenanipun ingkang wekasan kados déné ingkang sampun kawecakaken déning Kanjeng Nabi. *Langit kebak lintang-lintang*, punika maksudipun umat utawi bangsa ingkang subur makmur; kateranganipun kula aturi mirsani 2371. *Dina Pangancam*, punika kosokwangsulipun kawontenan subur makmur tumrap bangsa wau, inggih punika dinten ambruking panguwaosipun, awit inggih prakawis punika ingkang marambah-rambah dipun ancamaken punika. *Saksi*, punika *nabinipun* umat, déné *kang sineksènan* punika *titiyang ingkang angemohi Nabi wau* (Rz). Dados pangandika punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng nasib ingkang kasandhang déning mengsah-mengsahipun para andika Nabi ingkang sampun-sampun, sarta wigatos mangandikani titiyang Arab, bilih lintanging kabegjanipun pinasti badhé sirna.

2705. Para mufassirin nyariyosaken cacriyosan warni tiga, ingkang miturut pahamipun katuju ing dhawuhing ayat punika. Ingkang misuwur piyambak inggih punika bab panganiaya ingkang katindakaken déning Dhu Nuwas, ratu ing Yaman ingkang nganggé agami Yahudi, dhateng titiyang Nasrani sawatawis (Rz). Nanging Al-Bagawi gadhah paham bilih ingkang dipun karsakaken punika anggènipun sang raja Nebukhadnezar nyemplungaken ing pawon murub Syadrakh, Mesyakh tuwin Abednego (Dan. 3: 19-21) nanging pamanggih kula inggih saged ingkang dipun karsakaken dhawuh

5 Ing geni kang dipakani urub-urub,

النَّارِ ذَاتِ الْوَقُودِ ۝٥

Ut. *nga-dhepaké*

6 Nalikané padha lungguh *ana ing* kono,

إِذْ هُمْ عَلَيْهَا قُعُودٌ ۝٦

Ut. *dadi saksi meruhi*

7 Sarta padha *nungkuli* apa panggawéné tumrap marang para wong mukmin.

وَهُمْ عَلَىٰ مَا يَفْعَلُونَ بِالْمُؤْمِنِينَ شُهُودٌ ۝٧

8 Lan olèhé anandukaké wa-wales iku ora liya kajaba amarga saka déné dhèwèké padha angèstu ing Allah-Ingkang-Kinawasa, Ingkang-Pinuji,

وَمَا نَقَمُوا مِنْهُمْ إِلَّا أَنْ يُؤْمِنُوا بِاللَّهِ الْعَزِيزِ الْحَمِيدِ ۝٨

9 Kang-kagungan karatoning langit-langit lan bumi; lan Allah iku marang samubarang: Saksi.

الَّذِي لَهُ مُلْكُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ ۚ وَاللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ ۝٩

10 Sayekti, para kang anguber anganiaya para mukmin lanang lan mukmin wadon, (sarta) ora banjur mratobat, bakal padha olèh siksa naraka sarta bakal padha olèh siksa obong.

إِنَّ الَّذِينَ فَتَنُوا الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ ثُمَّ لَمْ يَتُوبُوا فَلَهُمْ عَذَابُ جَهَنَّمَ وَلَهُمْ عَذَابُ الْحَرِيقِ ۝١٠

11 Sayekti, para kang padha angèstu sarta anglakoni panggawé becik, bakal padha olèh patamanan kang ing *jeroné* kaliné padha mili, iku pakolèh kang gedhé.

Ar. *ngisoré*

إِنَّ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَهُمْ جَنَّاتٌ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ۚ ذَٰلِكَ الْفَوْزُ الْكَبِيرُ ۝١١

12 Sayekti kawasané Pangéranira iku temen gedhé.

إِنَّ بَطْشَ رَبِّكَ لَشَدِيدٌ ۝١٢

13 Sayekti, Panjenenganė iku Kang-amurwani (jagad) sarta (banjur) andadèk-dadèkaké (sabarang).

إِنَّهُ هُوَ يُبْدِئُ وَيُعِيدُ ۝١٣

punika mecakaken wontenipun wadyabala Arab ingkang sakalangkung ageng, ingkang merangi kaum Muslimin, ngantos kaum Muslimin kapeksa pacak baris wonten ing salebeting jugangan karana rumeksa dhiri, inggih punika nalika perang Ahzab utawi perang Khandaq. Dhawuhipun ayat 7, langkung-langkung malih ayat 10, nedahaken kalayan terang, bilih ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi Suci, ingkang sami nganiaya para angèstu, jaler lan èstri. *Latu* murub ingkang tansah dipun pakani urub-urub punika boten kedah dipun suraos walaka, jalaran *latu* punika ateges *peperangan*.

14 Lan Panjenengané iku Ingkang-Aparamarta, Ingkang-Mahatresna.

وَهُوَ الْغَفُورُ الْوَدُودُ ۝١٤

Ut. *Gustining* a. 895

15 *Ingkang-kagungan* singangsana,[a] Ingkang-Minulya,

ذُو الْعَرْشِ الْمَجِيدُ ۝١٥

16 Ingkang-kawasa-Anindakaké sabarang karsa-Né.

فَعَّالٌ لِّمَا يُرِيدُ ۝١٦

17 Apa ora wus tumeka marang sira caritaning wadyabalané

هَلْ أَتَاكَ حَدِيثُ الْجُنُودِ ۝١٧

18 Fir'aun lan Tsamud?

فِرْعَوْنَ وَثَمُودَ ۝١٨

19 O, para kang padha kafir padha anggorohaké.

بَلِ الَّذِينَ كَفَرُوا فِي تَكْذِيبٍ ۝١٩

20 Lan Allah iku anglimput dhèwèké saka sarupaning sisihé.

وَاللَّهُ مِن وَرَائِهِم مُّحِيطٌ ۝٢٠

21 O, Iku Quran Minulya,

بَلْ هُوَ قُرْآنٌ مَّجِيدٌ ۝٢١

22 Ing blèbèkan kang rineksa.[2706]

فِي لَوْحٍ مَّحْفُوظٍ ۝٢٢

2706. Tembung *lauh*, utawi *blèbèkan* ing ngriki punika sami kaliyan *alwâh* (manawi *mufrad: lauh*) ingkang kagem nyebutaken kitab ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Musa (7: 145, 150, 154). Nanging ingkang tumrap kitabipun Kanjeng Nabi Musa kasebutaken namung wonten ing blèbèkan, wangsul ingkang tumrap kitab Quran kapangandikakaken bilih wonten ing *blèbèkan kang rineksa*, sarta ing ngriku "Quran" dipun raketi ing tembung sifat *minulya*, ingkang mengku suraos bilih tiyang ingkang sami andhèrèk ing Quran badhé dipun damel luhur saha minulya. Déné tegesipun dhawuh, inggih punika: Quran Suci badhé rineksa saking sawarnining panyerang. Ing ngriki tuwin ing pundi kémawon ing Quran Suci boten wonten ingkang nyebutaken bab prakawis *lauh mahfûdz* ingkang isi seratan pepesthènipun Pangéran. Suprandéné nadyan inggih dhateng *lauh mahfûdz* ingkang makaten wau ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika, suraosipun tetep sami kémawon, inggih punika: Quran badhé rineksa sawetahipun. Dados salah satunggaling surat Makkiyah ingkang sepuh-sepuh sampun nyebutaken janji bab rineksanipun Quran Suci saking sawarnining karisakan. Rz ugi gadhah paham bilih makaten punika suraosipun ان هذا قران مجيد مصئون التغير والتبدل jawinipun *iki Quran kang minulya, kang rineksa saka owah-owah lan saka gonta-ganti*.

سُوْرَةُ الطَّارِقِ مَكِّيَّةٌ (٨٦)

SURAT 86

AT-THÂRIQ

(*Ingkang dhateng ing wanci dalu*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*17 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika nerangaken sapinten genging rekaos ingkang dipun panggih déning Kanjeng Nabi nalika paring papadhang dhateng bangsanipun ingkang kalimput ing pepeteng punika, ingkang inggih awit saking punika mila panjenenganipun sinebut *tiyang ingkang dhateng ing wanci dalu* wonten ing ayat ingkang wiwitan piyambak (ingkang lajeng kanggé namanipun surat punika); wondéné maksudipun inggih punika: tiyang ingkang dhatengipun nyarengi wekdal peteng ndhedhet lilimengan tuwin tiyang ingkang kedah nothok kori ingkang katutup. Nanging panjenenganipun dipun paringi panglipur, bilih kiyamat ruhani mesthi badhé kelampahan. Jaman sadèrènging rawuhipun Kanjeng Nabi, jagad sawegung punika klelep wonten ing salebeting kabodhoan, sarta wanci dalu punika ngantos nem atus taun dangunipun, mila sanès pakaryan gampil-gampilan, badhé anggigah jagad saking anggènipun tilem kepatos ngantos samanten dangunipun punika. Surat punika kagolong dhawuh ingkang tumurun ing jaman wiwitan sanget, sarta surat punika mratandhani bilih Kanjeng Nabi uninga bilih pakaryanipun punika awrat temenan. Déné ayat 15 lan 16 nyebutaken upaya, punika boten teka anedahaken bilih ayat wau tumurunipun ing wekdal ingkang langkung akhir, awit kajawi upaya badhé nyédani Kanjeng Nabi punika pancèn sampun wonten nalika jaman wiwitan sanget, ayat-ayat wau saged mengku suraos piweca.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
a. 2099	1 Mramanakna[a] langit lan kang teka ing wayah bengi;	وَالسَّمَآءِ وَالطَّارِقِ ۙ ۝١
Ar. *apa*	2 Lan apa kang bakal meruhaké sira *kaya apa agungé* kang teka ing wayah bengi iku?	وَمَآ اَدْرٰىكَ مَا الطَّارِقُ ۙ ۝٢
	3 (Yaiku) lintang kang padhangé nembus pepeteng;[2707]	النَّجْمُ الثَّاقِبُ ۙ ۝٣

2707. *Thâriq* (saking tembung *tharq* ingkang tegesipun ingkang sakawit *thothok-thothok*) punika asalipun mengku teges *ingkang dhateng ing wanci dalu*, jalaran tiyang ingkang dhateng ing wanci dalu punika mesthi ketutupan kori, dados kedah *nothoki* kori wau (IAs). *Kang teka ing wayah bengi* punika Kanjeng Nabi. Tumurunipun Quran punika kapangandikakaken ugi kelampahan ing dalu ingkang binarkahan (24: 3 tuwin 97: 1). Déné sababipun, awit Kanjeng Nabi Suci punika rawuhipun ing nalika peteng ndhedhet lilimengan wradin ing salumahing bumi, sarta ing kalanipun sagung para manusa

4 Siji-sijining jiwa iku ora ana kang tanpa pangawal.[2708]

إِن كُلُّ نَفْسٍ لَّمَّا عَلَيْهَا حَافِظٌ ﴿٤﴾

5 Mulané, manusa amaspadakna, awaké iku apa sing digawé.

فَلْيَنظُرِ الْإِنسَانُ مِمَّ خُلِقَ ﴿٥﴾

6 Sing digawé saka banyu kang mancrut,

خُلِقَ مِن مَّاءٍ دَافِقٍ ﴿٦﴾

7 Metu saka ing antaraning geger lan iga.[2709]

يَخْرُجُ مِن بَيْنِ الصُّلْبِ وَالتَّرَائِبِ ﴿٧﴾

8 Sayekti, Panjenengané iku temen kawasa ambalèkaké iku (dadi urip).

إِنَّهُ عَلَىٰ رَجْعِهِ لَقَادِرٌ ﴿٨﴾

---

ambetahaken sanget nothok konten ingkang tinutup rapet tur sinlorokan kiyat tumrap piyambakipun. Pantes pinèngetan bilih Kanjeng Nabi 'Isa nyanépakaken rawuhipun kados déné dhatengipun *pandung*: "Saupama kang duwé omah weruha ing wayah giliraning kemit ping pira mesthi tekané maling, tamtu dielèki ...... Mulané kowé uga padha dirumanti, awit bakal rawuhé putraning manusa ing wayah kang ora konyana" (Mat. 24: 4l, 44). Prayogi ugi dipun wewahi katrangan bilih *ath-Thâriq* punika ugi dipun anggé namakaken *lintang panjer énjing* (S, O, Q-LL), awit lintang wau jumedhulipun ing wanci wekasaning dalu. Nanging nadyan nganggéa teges punika tembung punika ugi kanggé nembungaken *tiyang ageng* utawi *sesepuhing pancer*, kados déné susumbaripun Hindun nalika prang Uhud, ingkang nirokaken susumbaripun Az-Zarqa Al-Iyadiyah ingkang sampun dados sekar lathi, nalika Sang Kisra merangi Iyad, makaten: نحن بنات طارق ∴ لا ننثني لوامق ∴ نمشي على النمارق jawinipun: "*Aku kabèh padha anaké wadon lintang panjer ésuk, aku padha ora teluk marang kang agandrung, aku padha lumaku ana sadhuwuré babantal*. Tegesipun *aku kabèh padha anaké wadon tutawaning pancer*, sesepuhing pancer dipun sanépakaken kados déné lintang menggah ing luhuring kalenggahanipun" (O, TA-LL).

Ing ayat ingkang angka tiga, "kang teka ing wayah bengi" punika kasebut النجم الثاقب jawinipun *lintang kang padhangé nembus pepeteng* (ingkang dipun karsakaken tegesipun *aththâriq* satunggalipun), maksudipun: ingkang rawuh ing wanci dalu punika lintang ingkang prabanipun gumebyar anelahi, ngantos sawarnining pepeteng sirna déning cahyanipun.

2708. Sanajan dhawuh punika dhawuh umum, ingkang mengku suraos bilih pandameling manusa rinumat murih manusa boten saged sumingkir saking wohing tindakipun wau, nanging dhawuh punika ugi mengku panglipur tumrap dhateng Kanjeng Nabi, inggih punika bilih para mengsahipun boten badhé saged adamel pituna dhateng panjenenganipun, sarta manawi sampun dumugi masakalanipun mesthi sami badhé lebur. Bab punika kacethakaken malih wonten ing wekasaning surat.

2709. ماء دافق ingkang tegesipun *banyu kang mancrut*, punika *tirta pulanghyun*. Tetembungan *antarané geger lan iga* punika tetembungan kanggé ambasakaken prakawis ingkang kirang prayogi kasebut kalayan barès-kurès. Tetembungan saminipun punika ugi kasebut wonten ing satunggaling hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci makaten:

من يضمن لي ما بين لحيتيه وما بين رجليه فاضمن له الجنة

sing sapa bisa mènèhi aku tanggungan ing bab prakara barang kang ana ing antarané uwangé loro lan barang kang ana ing antarané sikilé loro, aku iya mènèhi tanggungan suwarga tumrap dhèwèké. Ing ngriki tetembungan antarané sikilé loro punika tetembungan ingkang kanggé ambasakaken barang ingkang boten prayogi kasebut barès-barèsan. Prakawis pagedhongan ingkang magepokan kaliyan saluluting jalu lan wanita utawi ingkang magepokan kaliyan pépénginan dhateng karonsih, wonten ing Quran Suci boten naté kasebut kalayan tetembungan ingkang walaka barès-kurès.

	9 Ing dinané barang-barang kang sumingid bakal ginelar,[2710]	يَوْمَ تُبْلَى السَّرَآئِرُ ﴿٩﴾
	10 Ora bakal dhèwèké duwé kakuwatan lan ora bakal duwé panulung.	فَمَا لَهُ مِنْ قُوَّةٍ وَّلَا نَاصِرٍ ﴿١٠﴾
a. 2099	11 Mramanakna[a] mendhung kang ngesokaké udan,[2711]	وَالسَّمَآءِ ذَاتِ الرَّجْعِ ﴿١١﴾
	12 Sarta bumi kang mlethèk (metu thukulané);	وَالْأَرْضِ ذَاتِ الصَّدْعِ ﴿١٢﴾
	13 Sayekti, iku temen sabda pancasan,[2712]	إِنَّهُ لَقَوْلٌ فَصْلٌ ﴿١٣﴾
	14 Lan dudu guguyon iku.	وَّمَا هُوَ بِالْهَزْلِ ﴿١٤﴾
Ut. *mangun perang*	15 Sayekti, dhèwèké padha *ngrancang rancangan*,	إِنَّهُمْ يَكِيدُونَ كَيْدًا ﴿١٥﴾
Ut. *mangun perang*	16 Lan Ingsun (iya) *ngrancang rancangan*.	وَّأَكِيدُ كَيْدًا ﴿١٦﴾
	17 Mulané para kafir srantèkna, dimèn sumené sawatara suwé-né.[2713]	فَمَهِّلِ الْكٰفِرِينَ أَمْهِلْهُمْ رُوَيْدًا ﴿١٧﴾

2710. Kula aturi mèngeti katrangan gagambaranipun dinten kiyamat punika. Barang-barang ingkang sumingid punika wohing pandamelipun tiyang, awon utawi saé: sadaya wau badhé dipun damel cumetha awewentahan awujud taman lan wowohan utawi awujud ranté lan latu.

2711. *Raj'* tegesipun *mathor*, utawi *jawah* (Zy-Rz), sarta *murad* punika dipun rujuki déning para mufassirin ingkang kathah-kathah. Déné gathukipun teges punika kaliyan asalipun tembung, ingkang jawinipun *bali*, warni-warni kateranganipun: "Jalaran Pangéran anurunaken jawah wau wongsal-wangsul, utawi jalaran mendhung punika nginggahaken toya saking saganten lajeng dipun wangsulaken dhateng bumi" (Bd-LL).

2712. *Tembung kang mutus* punika Quran Suci. Boten prabéda kados déné toya jawah, saben tumurun mesthi anjalari bumi saged anukulaken thuthukulan, lah makaten ugi tumuruning wahyunipun Pangéran, punika tinamtu kawasa anggesangaken malih bangsa ingkang sampun pejah sarta sawarnining pambudidaya ingkang milawani wahyuning Pangéran wau mesthi boten badhé angsal damel saged ngalang-alangi kamajenganipun. Dhawuh ing ayat angka 10 *ora bakal dhèwèké duwé kakuwatan lan ora bakal duwé panulung*, punika ugi mengku karsa mangandikakaken leburipun para titiyang kafir.

2713. Sawarnining semang-semang ing bab suraosipun surat punika saged sirna déning ayat titiga ing nginggil, inggih punika ayat ingkang mangandikakaken upayanipun mengsah sumedya nglebur Kanjeng Nabi, tuwin janjining Pangéran bilih para mengsah tumunten badhé linebur.

(رُكُوعُهَا ١) سُورَةُ الْأَعْلَىٰ مَكِّيَّةٌ (٨٧) (آيَاتُهَا ١٩)

SURAT 87

AL-A'LÂ

(*Ingkang Mahaluhur*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*19 ayat*)

Katerangan gerban

Sasampunipun dhawuh anggatosaken dhateng rekaos-rekaos ingkang dipun alami ing Kanjeng Nabi, surat punika anjanjèkaken bilih rekaos wau sadaya badhé dipun damel gampil; *Ingsun bakal anggampangaké dadalanira marang kahanan kang gampang*. Namanipun surat punika mirid saking dhawuh ingkang maréntahaken Kanjeng Nabi supados mahasucèkaken *Pangéran Ingkang-Mahaluhur*, minangka anedahaken bilih panjenenganipun badhé anggayuh kaluhuran. Ayat ingkang wekasan nyebutaken kitab sucinipun Kanjeng Nabi Ibrahim lan Kanjeng Nabi Musa, punika boten namung nedahaken bilih Quran Suci punika menggah ing piwulangipun ingkang baku cocog kaliyan kitab suci ingkang rumiyin-rumiyin, nanging ugi anedahaken bilih kitab suci wau sami nyebutaken piweca-piweca bab rawuhipun Kanjeng Nabi. Surat punika kagolong wahyu ingkang katampi Kanjeng Nabi ing Makkah nalika jaman wiwitan.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
1 Mahasucèkna asmaning Pangéranira, Ingkang-Mahaluhur,[2714]	سَبِّحِ اسْمَ رَبِّكَ الْأَعْلَى ﴿١﴾
2 Kang anitahaké banjur nyampurnakaké,	الَّذِي خَلَقَ فَسَوّٰى ﴿٢﴾
3 Lan Kang agawé (sabarang) kalawan mawa ukuran, banjur anuntun (tumuju marang sedyaning dumadiné),[2715]	وَالَّذِي قَدَّرَ فَهَدٰى ﴿٣﴾

2714. *Mahasucèkaken Ingkang-Mahaluhur* punika ngisarahi bilih Kanjeng Nabi piyambak badhé sinengkakaken ing ngaluhur.

2715. Nyampurnakaken titah ing ayat-ayat punika mengku teges bilih titah wau anggènipun katitahaken kalayan *manut sarat-saratipun kawicaksanan*; lan inggih punika tegesipun ingkang sajati tembung *sawwâ*. Ayat ingkang angka tiga nyebutaken bilih sadaya barang punika katitahaken manut pepesthèn (ukuran) kalayan trep, ngantos boten saged yèn ta nglangkahana saking wates wau. Allah lajeng nedahaken sadaya titah dhateng margining kasampurnan ingkang tinamtu tumrap titah wau. Sagemblenging dhawuh mengku karsa ingkang mligi, bilih Kanjeng Nabi pranyata sampun saged anggayuh pantoging kasampurnanipun, déné ayat kakalih candhakipun marsitakaken wutah gumelaring

4 Lan Kang angetokaké thuthukulan,

وَالَّذِيْٓ اَخْرَجَ الْمَرْعٰى ۙ ٤

5 Iku banjur didadèkaké garing amblabuk warnané.

فَجَعَلَهٗ غُثَاۤءً اَحْوٰى ۗ ٥

6 Ingsun bakal agawé sira maca, banjur sira ora bakal *lali*,

سَنُقْرِئُكَ فَلَا تَنْسٰٓى ۙ ٦

7 Kajaba barang kang dikarsakaké déning Allah;[2716] sayekti Panjenengané iku angudanèni kang gumelar lan sabarang kang sumingid.

اِلَّا مَا شَاۤءَ اللّٰهُ ۗ اِنَّهٗ يَعْلَمُ الْجَهْرَ وَمَا يَخْفٰى ۗ ٧

8 Lan Ingsun bakal anggampangaké dadalanira marang kahanan kang gampang,[2717]

وَنُيَسِّرُكَ لِلْيُسْرٰى ۖ ٨

---

kawontenan, bilih boten prabéda lan thuthukulan punika ing sasampunipun sawatawis wekdal lajeng dados garing, lah makaten ugi mengsahipun Kanjeng Nabi ugi badhé sinapu ngantos tapis.

2716. *Illa* (*kajaba*) ing ngriki punika استثناء منقطع suraosipun: Kanjeng Nabi Suci mesthi boten badhé nglirwakaken (utawi kesupèn) dhateng sabarang ingkang sampun kawulangaken déning Allah dhateng panjenenganipun, wangsul panjenenganipun badhé nglirwakaken barang-barang ingkang manut karsanipun Allah kedah dipun lirwakaken. *Nis-yân* punika boten namung ateges *kesupèn* kémawon, nanging ugi ateges *nglirwakaken kalayan jaragan*. Rgh nerangaken bilih *nis-yân* punika kénging kanggé nembungaken *barang ingkang katindakaken kalayan jaragan*. Panjenenganipun nerangaken bilih *nis-yân* punika wonten warni tiga, ingkang kantun piyambak katerangaken makaten عن قصد حتى يحذف عن القلب ذكره jawinipun: *kalayan jaragan, ngantos sumingkir babar pisan saking manah*. Sarta nadyan *nis-yân* dipun tegesana *kesupèn*, ayat angka 6 punika, kados déné pamanggihipun Rgh, *tanggelan saking ngarsanipun Allah, bilih Kanjeng Nabi sampun pinasthi boten badhé kesupèn dhateng kasunyatan ingkang sampun dipun piyarsakaken*. Dados tembung *kang dikarsakaké déning Allah*, punika ingkang dipun karsakaken boten kok barang ingkang sampun dipun mangertosi déning Kanjeng Nabi saking ngarsanipun Allah, nanging barang ingkang pancèn kedah dipun supèkaken, utawi dipun lirwakaken déning Kanjeng Nabi, margi wahyuning Pangéran sampun maringi barang ingkang langkung saé malih minangka gegentosipun. Ing dhawuh ngriki boten wonten ingkang nyebutaken piwulang bab *nasikh-mansukh* (suwak-sinuwak). Kula aturi nyundhukaken kaliyan 2: 106, lan mirsanana 152.

Saya lepat sanget manawi kakinten, bilih pundi ayat ingkang kedah dipun supèkaken Kanjeng Nabi, punika ugi lajeng kasingkiraken saking seratanipun (seratan ingkang kaserat tumunten kémawon ing sasampunipun ayat-ayat wau katurunaken), utawi kasingkiraken saking pangènget-èngetipun para sahabat ingkang boten sakedhik cacahipun, ingkang sami ngapilaken ayat-ayat wau lan maos ayat-ayat wau wonten ing salebetipun sembahyang. Menggah ing sajatos-jatosipun, surat punika kagolong dhawuh ingkang tumurun ing jaman wiwitan, dados nadyan dipun anggéa dalil bilih ing jaman pawingkingipun suwak-sinuwak badhé dipun betahaken, ing jaman tumurunipun surat punika suwak-sinuwak boten kabetahaken.

2717. Dhawuh punika mecakaken kamenanganipun Kanjeng Nabi tuwin icalipun rekaos ingkang dipun alami déning Islam.

9 Mulané pépélinga, sayekti pépéling iku migunani.[2718]	فَذَكِّرْ اِنْ نَّفَعَتِ الذِّكْرٰى ۝٩
10 Sapa-sapa sing wedi, bakal ngalap pépéling.	سَيَذَّكَّرُ مَنْ يَّخْشٰى ۝١٠
11 Lan wong kang cilaka bakal angedohi,	وَيَتَجَنَّبُهَا الْاَشْقَى ۝١١
12 (Yaiku) kang bakal nyemplung geni gedhé;	الَّذِيْ يَصْلَى النَّارَ الْكُبْرٰى ۝١٢
13 Ana ing kono banjur ora mati lan ora urip.[2719]	ثُمَّ لَا يَمُوْتُ فِيْهَا وَلَا يَحْيٰى ۝١٣
14 Sayekti bakal begja sapa sing anucèni dhiriné,	قَدْ اَفْلَحَ مَنْ تَزَكّٰى ۝١٤
15 Lan angegungaké asmaning Pangérané sarta salat.	وَذَكَرَ اسْمَ رَبِّهٖ فَصَلّٰى ۝١٥
16 Nanging kowé malah padha milih kauripan donya iki,	بَلْ تُؤْثِرُوْنَ الْحَيٰوةَ الدُّنْيَا ۝١٦
17 Mangka akhirat iku luwih becik lan luwih lawas.	وَالْاٰخِرَةُ خَيْرٌ وَّاَبْقٰى ۝١٧
18 Sayekti, iki temen (kasebut) ana ing kitab kuna-kuna,	اِنَّ هٰذَا لَفِي الصُّحُفِ الْاُوْلٰى ۝١٨
19 Kitabé Ibrahim lan Musa.[2720]	صُحُفِ اِبْرٰهِيْمَ وَمُوْسٰى ۝١٩

2718. Kateranganipun tembung *in*, ingkang ateges *qad*, jawinipun *sayekti*, mirsanana LL. Ing ngriku dipun sukani tuladha kathah, saking Quran, saking kitab-kitab Arab lan saking kidung-kidung Arab.

2719. Ing naraka boten wonten ingkang nama *gesang*, jalaran gesang punika ngemungaken tumrap para tulus kémawon. *Pejah* inggih boten wonten, awit pejah punika tegesipun satunggaling kawontenan lerem babar pisan.

2720. Nengenaken milih kasaénan ing akhirat katimbang kaliyan sawatawis wekdal ing gesang sapunika punika, punika kasunyatan agung ingkang kawulangaken déning sadaya para Nabi. Nanging ing ngriki mengku karsa nuding piweca-piweca bab Kanjeng Nabi Suci, ingkang kalayan cetha pinanggih wonten ing wahyu ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi Ibrahim tuwin Kanjeng Nabi Musa; mirsanana 168 tuwin 70. Utawi, ingkang katuding ing dhawuh punika tatalesing agami ingkang énggal, ingkang umum dados sadaya agami ingkang ageng-ageng.

سُورَةُ الغَاشِيَةِ مَكِّيَّةٌ (٨٨) آيَاتُهَا ٢٦ رُكُوعُهَا ١

SURAT 88

AL-GÂSYIYAH

(*Lalampahan ingkang sanget ribed*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*20 ayat*)

Katerangan gerban

Lalampahan ingkang sanget ribed, ingkang kasebutaken ing ayat 1, tuwin ingkang kanggé namanipun surat punika, punika siksanipun para mengsah ing donya punika tuwin siksanipun ing akhirat. Titimangsaning tumurunipun ing kiwa-tengenipun taun ingkang kaping sakawan sasampunipun Kanjeng Nabi dados utusan. Saged-sagedipun mastani ingkang kalayan radi patitis namung anggolongaken surat punika èwonipun wahyu Makkiyah jaman wiwitan.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
1 Apa ora wus tumeka marang sira wartané lalakon kang banget ribedé?[2721]	هَلْ اَتٰىكَ حَدِيْثُ الْغَاشِيَةِ ۗ ١
2 (Sawenèhing) rai ing dina iku padha andhingkluk,	وُجُوْهٌ يَّوْمَىِٕذٍ خَاشِعَةٌ ۙ ٢
3 Alaku rekasa, kangèlan,	عَامِلَةٌ نَّاصِبَةٌ ۙ ٣
4 Lumebu ing geni murub,	تَصْلٰى نَارًا حَامِيَةً ۙ ٤
5 Diombèni saka sumberan umob.	تُسْقٰى مِنْ عَيْنٍ اٰنِيَةٍ ۗ ٥
6 Ora bakal olèh pangan, kajaba eri.	لَيْسَ لَهُمْ طَعَامٌ اِلَّا مِنْ ضَرِيْعٍ ۙ ٦
7 Kang ora marakaké lemu lan ora marakaké luwé.	لَّا يُسْمِنُ وَلَا يُغْنِيْ مِنْ جُوْعٍ ۗ ٧

2721. Sampun boten wonten semang-semangipun malih bilih "Lalakon kang banget ribedé" punika kiyamat. Nanging ugi nyata bilih siksanipun mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, punika ugi lalampahan ingkang sanget ribed ing gesang sapunika punika. Gagambaranipun golongan kakalih ing dhawuh candhakipun, punika mathuk kanggé anggambaraken mengsah ingkang remuk tan mangga puliha lan boten angsal damel, kaliyan para angèstu ing kalanipun angsal kamenangan.

Ut. *seneng*	8 (Sawenèhing) rai ing dina iku padha *bingar*,	وُجُوهٌ يَوْمَئِذٍ نَّاعِمَةٌ ۝٨
	9 Banget senengé amarga saka anggoné tumandang,	لِّسَعْيِهَا رَاضِيَةٌ ۝٩
	10 Ana ing taman kang linuhung,	فِي جَنَّةٍ عَالِيَةٍ ۝١٠
	11 Ana ing kono sira ora bakal ngrungu gunem lalahan,	لَّا تَسْمَعُ فِيهَا لَاغِيَةً ۝١١
	12 Ing kono ana tuké kang mili,	فِيهَا عَيْنٌ جَارِيَةٌ ۝١٢
Ut. *kathilé panglinggihané*	13 Ing kono ana *dhamparé* kang tinata dhuwur,	فِيهَا سُرُرٌ مَّرْفُوعَةٌ ۝١٣
	14 Sarta pinggan-pangunjukan kang wus tumata,	وَأَكْوَابٌ مَّوْضُوعَةٌ ۝١٤
	15 Tuwin bantal kang wus tumata ababanjengan,	وَنَمَارِقُ مَصْفُوفَةٌ ۝١٥
	16 Apa déné babut kang wus gumelar.	وَزَرَابِيُّ مَبْثُوثَةٌ ۝١٦
Ut. *unta*	17 Lah apa ta dhèwèké padha ora angawasaké marang *mendhung*, kapriyé anggoné tinitahaké?[2722]	أَفَلَا يَنظُرُونَ إِلَى الْإِبِلِ كَيْفَ خُلِقَتْ ۝١٧
	18 Lan marang langit, kapriyé anggoné ginawé dhuwur,	وَإِلَى السَّمَاءِ كَيْفَ رُفِعَتْ ۝١٨
Ut. *anyeblokaké*	19 Sarta marang gunung, kapriyé anggoné *ingedegaké dhuwur*,	وَإِلَى الْجِبَالِ كَيْفَ نُصِبَتْ ۝١٩
	20 Apa déné marang bumi, kapriyé anggoné ginawé gumelar.	وَإِلَى الْأَرْضِ كَيْفَ سُطِحَتْ ۝٢٠

2722. *Ibil*, punika miturut Abu ‘Amr Ibnu ‘Ala ateges *méga ingkang ngandhut toya jawah* (TA-LL). Rèhning teges punika langkung cocog kaliyan suraosing dhawuh, mila inggih teges punika ingkang kula anggé, dados boten nganggé teges ingkang sampun kelimrah, inggih punika *unta.* Mendhung kasebutaken sareng kaliyan langit, inggih punika panggènanipun mendhung, tuwin kaliyan redi-redi, ingkang ngasrepaken uwab ngantos saged andhawahaken toya, tuwin bumi ingkang angsal piguna saking toya wau, punika cocog kaliyan ingkang sampun kapangandikakaken wonten ing panggènan sanès pinten-pinten.

21 Mulané apépélinga, amarga sira iku mung juru-pépéling.	فَذَكِّرْ إِنَّمَآ أَنتَ مُذَكِّرٌ ٢١
22 Sira dudu pangawal tumrap marang dhèwèké;	لَّسْتَ عَلَيْهِم بِمُصَيْطِرٍ ٢٢
23 Ananging sapa-sapa sing ambalik sarta angafiri,	إِلَّا مَن تَوَلَّىٰ وَكَفَرَ ٢٣
24 Allah bakal aniksa dhèwèké kalawan siksa kang gedhé.	فَيُعَذِّبُهُ ٱللَّهُ ٱلْعَذَابَ ٱلْأَكْبَرَ ٢٤
25 Sayekti, marang Ingsun para-ning baliné,	إِنَّ إِلَيْنَآ إِيَابَهُمْ ٢٥
26 Banjur, pétungané dhèwèké, sayekti pengétungé atas tanggu-ngan-Ingsun.	ثُمَّ إِنَّ عَلَيْنَا حِسَابَهُم ٢٦

آياتها ٣٠ سُورَةُ الْفَجْرِ مَكِّيَّةٌ (٨٩) ركوعها ١

SURAT 89

AL-FAJR

(*Gagat-bangun*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*30 ayat*)

Katerangan gerban

Gagat-bangun ingkang wigatos, ingkang lajeng kanggé namanipun surat punika, punika énjingipun tanggal kaping sapisan wulan *Dhulhijjah*, utawi wulan haji, awit wontenipun jiyarah haji punika andadosaken wigatosipun kitha Makkah anggènipun dados pusering dadagangan tuwin andadosaken para ingkang sami dudunung ing ngriku sami gesang kalayan seneng, déning dadagangan ing saindhenging tanah Arab nglempak wonten ing ngriku. Ing ngriki pèpènget kaparingaken bilih kitha wau mesthi badhé kadhawahan siksa kados déné kitha-kithanipun umat ingkang sampun-sampun, kadosta kitha-kithanipun kau ‘Ad, Tsamud lan sanès-sanèsipun ingkang sampun kalebur. Surat punika èwonipun wahyu ingkang sepuh, sanajan meksa inggih wonten satunggaling pengarang ingkang anggadhahi pamanggih bilih surat punika wahyu Madaniyah.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
a. 2099	1 Maspadakna[a] gagat bangun,	وَالْفَجْرِ ١
	2 Lan wengi sapuluh,	وَلَيَالٍ عَشْرٍ ٢
	3 Sarta kang ganep lan kang ganjil,	وَّالشَّفْعِ وَالْوَتْرِ ٣
	4 Apa déné wengi nalikané oncat.[2723]	وَالَّيْلِ اِذَا يَسْرِ ٤

2723. Wonten pamanggih warni-warni, punapa ingkang dipun karsakaken *gagat-bangun, dalu sadasa*, tuwin *jangkep lan ganjil* punika. Paham kula punika nyebutaken wigatosipun nagari Makkah (ingkang wonten ing wiwitaning surat candhakipun dipun sebut *kutha iki*), awit nagari Makkah makaten déning para ingkang sami ziyarah mriku saking saindhenging tanah Arab dipun dadosaken punjer, ingkang lajeng mahanani kitha Makkah dados pusering dadagangan. *Gagat bangun* lajeng ateges gagat bangunipun tanggal sapisanipun wulan Dhulhijjah; *dalu sadasa* ateges sadasa dalu ingkang wiwitan, dinten ingkang kaping sadasa dados dinten riyadi kurban; *ganep* ateges kalih dinten sasampunipun dinten ingkang kaping sadasa wulan Dhulhijjah, ingkang ing wekdal punika kanggé nindakaken sawenèh saking upacaranipun ngibadah haji; *ganjil* ateges dinten ingkang kaping tigawelas, ingkang ugi dados dinten ingkang kanggé nindakaken sawenèh upacaranipun haji, nanging kasebutaken piyambak kalayan mligi, jalaran sinten ingkang purun kénging bidhal ing sontenipun dinten ingkang kaping kalihwelas. Mirsanana 2: 203. Nagari Makkah, punika margi dados ajanging ngibadah haji, lajeng boten namung dados kitha pusering agami ing tanah Arab kémawon, nanging ugi dados pusering

5 Sayekti ing kono ana supatané tumrap kang padha duwé akal. — هَلْ فِي ذَٰلِكَ قَسَمٌ لِّذِي حِجْرٍ ٥

6 Apa sira ora andeleng, kapriyé garapé Pangéranira marang (bangsa) ‘Ad, — أَلَمْ تَرَ كَيْفَ فَعَلَ رَبُّكَ بِعَادٍ ٦

Ar. *awaké gedhé-gedhé*
a. 1819
7 (Bangsa) Irâm,[2724] kang *duwé yayasan dhuwur-dhuwur*,[a] — إِرَمَ ذَاتِ الْعِمَادِ ٧

8 Kang ing nagara (liyané) sapadhané iku ora dianakaké? — الَّتِي لَمْ يُخْلَقْ مِثْلُهَا فِي الْبِلَادِ ٨

b. 914
9 Lan (marang bangsa) Tsamud, kang anatah watu ing jujurang,[b] — وَثَمُودَ الَّذِينَ جَابُوا الصَّخْرَ بِالْوَادِ ٩

c. 2132
10 Lan (marang) Fir’aun), kang andarbèni wadyabala,[c] — وَفِرْعَوْنَ ذِي الْأَوْتَادِ ١٠

11 Kang atindak ambalasar ana ing nagara-nagara, — الَّذِينَ طَغَوْا فِي الْبِلَادِ ١١

12 Sarta ana ing kono agawé karusakan gedhé? — فَأَكْثَرُوا فِيهَا الْفَسَادَ ١٢

13 Mulané Pangéranira andhawahaké sapéranganing siksa marang dhèwèké.[2725] — فَصَبَّ عَلَيْهِمْ رَبُّكَ سَوْطَ عَذَابٍ ١٣

14 Sayekti Pangéranira iku temen angawasaké.[2726] — إِنَّ رَبَّكَ لَبِالْمِرْصَادِ ١٤

---

dadaganganipun tanah Arab, awit saking punika makmuripun gumantung ing wontenipun ngibadah haji wau. Lah inggih prakawis punika ingkang dipun pèpèngetaken dhateng titiyang Makkah punika; ing ayat-ayat candhakipun piyambakipun sami dipun pangandikani kawontenanipun umat ingkang sampun-sampun, ingkang langkung kiyat katimbang piyambakipun, sami dipun lebur margi saking durakanipun.

2724. Miturut satunggaling cacriyosan, Iram punika namanipun embahipun ‘Ad, ingkang ing salajengipun lajeng dados namanipun pancer (mirsanana 903). Miturut cacriyosan sanès malih, Iram punika namanipun kitha ingkang dipun dunungi (Rz).

2725. *Sauth* punika ingkang sakawit ateges *campuripun satunggaling barang kaliyan sanèsipun* (Rgh). Lajeng ateges *pecut*, nanging ing ngriki ateges *pérangan* utawi *panduman* (S, Q-LL), déné suraosipun: para titiyang wau sami angsal siksa sapérangan wonten ing donya ngiki, sapérangan sanèsipun badhé andhawahi piyambakipun bénjing ing sasampunipun pejah (akhirat). Utawi cocog kaliyan tegesipun ingkang sakawit, tembung wau kénging dipun muradi teges *campuripun siksa warni-warni ingkang kasadhiyakaken tumrap piyambakipun* (LL).

2726. Pangéran mirsani, punika mengku suraos nyebataken siksa ingkang calon badhé dipun patrapaken dhateng titiyang Makkah; Pangéran mirsani pandamelipun para titiyang Makkah wau sarta tumunten badhé matrapi piyambakipun.

15 Wondéné manusa iku, samangsa Pangérané anyoba marang awaké, nuli amaringi kamulyan lan kamuktèn, banjur calathu: Pangéranku amulyakaké aku.

فَأَمَّا الْإِنْسَانُ إِذَا مَا ابْتَلَاهُ رَبُّهُ
فَأَكْرَمَهُ وَنَعَّمَهُ فَيَقُولُ رَبِّي أَكْرَمَنِ ﴿١٥﴾

16 Nanging samangsa dicoba (liyané) banjur rijekiné dicumpi, banjur calathu: Pangéranku anginakaké aku.[2726A]

وَأَمَّا إِذَا مَا ابْتَلَاهُ فَقَدَرَ عَلَيْهِ
رِزْقَهُ فَيَقُولُ رَبِّي أَهَانَنِ ﴿١٦﴾

17 Ora! nanging kowé padha ora ngregani bocah yatim,

كَلَّا بَلْ لَا تُكْرِمُونَ الْيَتِيمَ ﴿١٧﴾

18 Sarta padha ora akon awèh pangan wong miskin,[2727]

وَلَا تَحَاضُّونَ عَلَىٰ طَعَامِ الْمِسْكِينِ ﴿١٨﴾

19 Lan kowé padha mangan warisan kalawan angebèki.[2728]

وَتَأْكُلُونَ التُّرَاثَ أَكْلًا لَمًّا ﴿١٩﴾

20 Lan kowé padha dhemen bandha kalawan dhemen kang kaliwat-liwat.

وَتُحِبُّونَ الْمَالَ حُبًّا جَمًّا ﴿٢٠﴾

21 O! samangsa bumi rinemuk ajur-mumur,

كَلَّا إِذَا دُكَّتِ الْأَرْضُ دَكًّا دَكًّا ﴿٢١﴾

2726A. Ingkang kapratélakaken wonten ing ayat 15 punika kawontenanipun mluwah-mluwah titiyang Makkah, déné ing ayat 16 punika asoripun titiyang Makkah wau, ingkang badhé kelampahan ing gesang sapunika punika ugi, jalaran kados déné ingkang kapratélakaken wonten ing ayat-ayat sambetipun, para titiyang wau sami atindak dédé dhateng tiyang miskin utawi tiyang ingkang ringkih, saking anggènipun ngangsa badhé angumpuk-umpuk bandha.

2727. Ayat 17 lan 18 (tuwin ayat 19 ugi) punika anedahaken kados punapa anggènipun mrihatosaken Kanjeng Nabi dhateng laré yatim, tiyang miskin, tuwin para ringkih, ngantos panjenenganipun memèngeti mengsahipun ingkang kiyat saha sugih-sugih, bilih anggènipun sami boten mraduli dhateng para laré yatim tuwin para titiyang miskin punapa déné anggènipun sami atindak dédé dhateng titiyang ingkang ringkih, punika mesthi badhé mahanani piyambakipun sami kadhawahan ing pancasanipun Pangéran wau. Wiwit-wiwitan ngantos dumugi wekasan, kados makaten punika kawontenanipun Kanjeng Nabi, dados juru-ambélani para ringkih tuwin para kinaniaya ingkang sajati. Nalika panjenenganipun sampun ngasta panguwaos, téori ingkang sampun kawulangaken ing sadèrèngdèrèngipun wau lajeng kémawon dipun tindakaken saèstu, inggih punika sarana nyudhiyakaken papancèn tumrap para laré yatim tuwin para titiyang miskin saking bandhaning praja (Baitul Mal), dados punika kaliyan wontenipun Angger-angger ingkang mranata ingonipun para titiyang miskin tuwin para titiyang pikun (*Poor Laws and Old Age Pension*) ateges ngrumiyini tigawelas abad. Mirsanana 9: 60.

2728. Ing antawisipun bangsa Arab, tiyang èstri lan laré alit punika boten angsal panduman saking bandha warisan, jalaran para èstri lan para laré alit wau sami boten saged merangi mengsah.

22 Lan Pangéranira rawuh[a]
a. 268 akanthi para malaikat ajèjèr-jèjèr,

وَّجَآءَ رَبُّكَ وَالْمَلَكُ صَفًّا صَفًّا ۚ ﴿٢٢﴾

23 Sarta ing dina iku naraka dicedhakaké.[2729] Ing dina iku wong bakal éling, nanging apa gunané éling iku?[2730]

وَجِايْٓءَ يَوْمَئِذٍۭ بِجَهَنَّمَ ۙ يَوْمَئِذٍ يَّتَذَكَّرُ الْاِنْسَانُ وَاَنّٰى لَهُ الذِّكْرٰى ؕ ﴿٢٣﴾

24 Dhèwèké bakal calathu: O, mbok aku iki biyèn duwéa ngamal kanggo urip aku saiki.

يَقُوْلُ يٰلَيْتَنِيْ قَدَّمْتُ لِحَيَاتِيْ ۚ ﴿٢٤﴾

25 Ananging ing dina iku ora ana wong siji-sijia, kang niksa kalawan (apa-apa kaya) siksa-Né.

فَيَوْمَئِذٍ لَّا يُعَذِّبُ عَذَابَهٗۤ اَحَدٌ ۙ ﴿٢٥﴾

26 Lan ora ana wong siji-sijia, kang nalèni kalawan (apa-apa kaya) tatali-Né.[2731]

وَّلَا يُوْثِقُ وَثَاقَهٗۤ اَحَدٌ ؕ ﴿٢٦﴾

27 É, jiwa kang anteng!

يٰۤاَيَّتُهَا النَّفْسُ الْمُطْمَئِنَّةُ ۖ ﴿٢٧﴾

28 Balia marang Pangéranira, rena (marang Panjenengané), angrenakaké (Panjenengané).

ارْجِعِيْۤ اِلٰى رَبِّكِ رَاضِيَةً مَّرْضِيَّةً ۚ ﴿٢٨﴾

29 Mulané lumebua ing golonganing kawula-Ningsun,

فَادْخُلِيْ فِيْ عِبٰدِيْ ۙ ﴿٢٩﴾

30 Lan lumebua ing taman-Ingsun.[2732]

وَادْخُلِيْ جَنَّتِيْ ۚ ﴿٣٠﴾

2729. Bumi remuk ajur mumur, Pangéran rawuh kadhèrèkaken para malaikat, naraka dipun katingalaken, punika sami déné wigatos anyebutaken péranganing siksa ing gesang sapunika tuwin ing gesang ing bénjing. Bumi remuk, malaikat sami rawuh, lan naraka dipun katingalaken, punika sampun sami kelampahan wonten ing paprangan-paprangan ageng, ingkang dipun wiwiti déning titiyang kafir piyambak, nanging ingkang wasananipun malah anjalari remukipun babar pisan para kafir wau, lan sirnanipun saking lumahing bumi. Kedah dipun pèngeti bilih para malaikat sami rawuh perlu biyantu dhateng titiyang Muslimin wonten ing paprangan-paprangan punika marambah-rambah kapangandikakaken wonten ing Quran Suci. *Latu* tegesipun *peperangan*.

2730. "Éling" punika sakedhik sanget gunanipun tumrap tiyang, manawi barang ingkang dipun pèpèngetaken dhateng piyambakipun punika sampun dhumawah.

2731. Saben tiyang mesthi tinangsulan déning wohing pandamelipun; sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih punika pranyata siksa ingkang boten wonten ingkang ngungkuli lan "tatangsul" ingkang boten wonten ingkang nyamèni.

2732. Ayat-ayat ingkang minangka panutupipun surat punika marsitakaken tataran ingkang luhur piyambak tumrap kamajenganipun ruhani manusa, inggih punika tataranipun manusa *tentrem marem*

kaliyan Pangéranipun, lan ngemungakaken wonten ing ngarsa-Nipun kémawon piyambakipun saged manggih katentreman, kabingahan lan kasenengan. Inggih tataran punika, tataraning gesang ingkang kita tembungakaken gesang kasuwargan. Kaikhlasan, katemenan lan katulusanipun tiyang ingkang mulus saha sampurna, dipun paringi ganjaranipun déning Pangéran Ingkang-Mahaluhur, sarana maringi tiyang wau suwarga wonten ing bumi punika. Tiyang sanès ngajeng-ajeng suwarga ingkang kacalonaken badhé dipun paringaken ing bénjing, nanging piyambakipun lumebet suwarga ing gesang sapunika punika ugi. Lah inggih tataran punika ugi, tiyang rumaos lan kraos saèstu bilih sembahyang saha panembah ingkang ing sakawit katingal kados déné sasanggèn, punika menggah ing sajatos-jatosipun tedha ingkang dipun betahaken sanget tumrap kamajenganing jiwanipun, sarta bilih punika tatalesing kamajenganipun ruhani. Piyambakipun lajeng sumerep, bilih wohing panyarempengipun punika boten namung badhé dipun undhuh wonten ing gesang ing tembé (ing akhirat) kémawon. Ruh ingkang nalika wonten ing tataran ingkang kaping kalih namung saged netah tiyangipun ingkang gesangipun boten suci, boten gadhah daya mekak utawi nyirnakaken babar pisan tumiyungipun tiyang dhateng awon, sarta dèrèng kawasa anetepaken tiyang tetep teguh wonten ing tatalesing katulusan, ing sapunika dumugi wonten ing tataraning kamajengan ingkang wonten ing ngriku panyarempengipun saged angsal damel tur boten sakedhik. Peperangan kaliyan tumiyungipun dhateng dosa sampun boten wonten malih, wawatekanipun tiyang lajeng santun babar pisan, sarta pangadatanipun ingkang sampun-sampun kabangun kalayan sampurna.

سُورَةُ الْبَلَدِ مَكِّيَّةٌ (٩٠) آيَاتُهَا ٢٠ رُكُوعُهَا ١

SURAT 90

AL-BALAD

(*Kitha*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*20 ayat*)

Katerangan gerban

Kitha ingkang kasebutaken wonten ing ayat ingkang sapisan, ingkang lajeng kanggé namanipun surat punika, punika kitha Makkah, inggih punika kitha ingkang wonten ing surat ingkang sampun-sampun kaparingan pèpènget badhé kadhawahan siksa kados déné ingkang andhawahi umat ingkang sampun-sampun. Nanging kitha Makkah wau calon kithanipun Kanjeng Nabi, sarta ing ayat ingkang angka kalih wonten piweca ingkang terang, bilih badhé dhateng masakalanipun para Muslimin boten dipun kaniaya malih wonten ing kitha ngriku, wangsul malah sami badhé uwal saking sawarnining sasanggèn; punika terang manawi ingkang dipun karsakaken punika: papréntahanipun para Muslimin badhé jumeneng wonten ing ngriku. Dados ing ngriki punika wonten piweca ingkang terang bab badhé bedhahipun kitha Makkah déning Kanjeng Nabi, sarta ingkang makaten punika perlu, jalaran Kanjeng Nabi punika tiyang ingkang mamrih kabegjanipun para mlarat, para ingkang kinaniaya tuwin para laré yatim. Sadaya kémawon sami sarujuk amastani bilih surat punika salah satunggaling dhawuh ingkang sepuh sanget, ngantos kaanggep tumurun nalika taun ingkang sapisan sasampunipun Kanjeng Nabi tetep dados utusan.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
a. 2606 b. 2438	1 Sayekti[a] Ingsun apasaksi[b] kutha iki[2733] –	لَآ اُقْسِمُ بِهٰذَا الْبَلَدِ ①
	2 Lan sira iku bakal linuwaraké saka ing kawajiban ana ing kutha iki[2734] –	وَاَنْتَ حِلٌّۢ بِهٰذَا الْبَلَدِ ②

2733. *Kutha iki* punika ingkang dipun karsakaken kitha Makkah (Rz), ingkang nalika jaman tumurunipun surat punika Kanjeng Nabi dudunung wonten ing ngriku. Wontenipun kitha Makkah punika piyambak, sampun dados saksi ing mahakawasa tuwin mahawikanipun Pangéran, langkung-langkung tumrap tiyang Arab, awit piyambakipun mangertos tur kalayan yakin bilih maèwu-èwu taun kapengker Kanjeng Nabi Ibrahim sampun nyuwun dipun paringi kitha ing ara-ara samun wau, ingkang wonten ing ngriku panjenenganipun nilar tedhak turunipun satunggal cawang. Kajawi punika kitha Makkah punika ugi dados saksi ing kayektènipun Kanjeng Nabi Suci, awit jumenengipun satunggaling nabi saking tedhak turunipun Kanjeng Nabi Isma'il, punika ugi kalebet salah satunggaling barang ingkang dipun suwun déning Kanjeng Nabi Ibrahim. Mirsanana 168.

2734. Tembung النَّفّٰثٰتِ فِى الْعُقَدِ punika ukara seselan (*parenthetical*). *Hill* punika tembung tembung lingga, tegesipun sami kaliyan tembung *halâl*, ingkang jawinipun *dumunung wonten ing*

3 Sarta ana kang duwé anak lan kang dianakaké.[2735]

وَوَالِدٍ وَّمَا وَلَدَ ۝٣

Ar. *ing dalem angèl* Ut. *prakosa*

4 Sayekti Ingsun nitahaké manusa *supaya angalahaké kang angèl-angèl*.[2736]

لَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنسَانَ فِي كَبَدٍ ۝٤

5 Apa dhèwèké ngira, yèn ora ana kang nguwasani awaké?

أَيَحْسَبُ أَن لَّن يَقْدِرَ عَلَيْهِ أَحَدٌ ۝٥

6 Bakal calathuné: Aku ngemos-emos bandha akèh.[2737]

يَقُولُ أَهْلَكْتُ مَالًا لُّبَدًا ۝٦

---

kawontenan kosokwangsulipun haram, dados ateges *mardika saking kawajiban* utawi *tanggelan dhateng satunggaling barang*.

Limrahipun para tukang anjarwani Quran ing basa sanès anggènipun anjarwani ayat punika béda-béda, kadosta: *sira dudunung ana ing kutha iki*, *sira manggon ana ing nagara kéné* lan sapiturutipun. Nanging jarwan makaten punika boten leres, awit tembung *halla* ingkang tegesipun *nazala*, *mampir*, utawi *manggèn*, utawi *mondhok wonten ing satunggaling panggènan*, punika lingganipun *hulul* utawi *hull* (LL), sanès *hill*, kados déné ingkang wonten ing ngriki punika. Sawenèh mufassir ugi wonten ingkang nemahi lepat makaten punika. Déné teges ingkang kula anggé punika cocog kaliyan tegesipun tembung *hill* ingkang sajati, awit ukara انت فى حل من كذا punika jawinipun *kowé luwar saka kawajiban* utawi *tanggungan marang bab prakara iku*. Manawi makaten pratélan punika lajeng mengku suraos piweca, ingkang mecakaken bilih Kanjeng Nabi badhé dipun uwalaken saking kawajiban ing babagan kasucianipun tanah Makkah, awit panjenenganipun dipun idini lumebet mriku kalayan rudapeksa (Bd), kados déné ingkang kelampahan nalika bedhahipun nagari Makkah. Pancèn menggah ing sajatos-jatosipun dhawuh punika nyebutaken lalampahan punika. Wonten satunggaling hadits dhawuh pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang ngiyataken paham punika, inggih punika nalika mangandikakaken bab kasucianipun nagari Makkah Kanjeng Nabi ngandika makaten ولن تحل لى الا ساعة من نهار jawinipun *lan nadyan silih aku diluwaraké saka kawajiban ing bab prakara iku, iku iya mung sadhéla ing wayah awan*.

Sawenèh mufassir gadhah paham tegesipun ayat wau: *sira ginawé kaidèn ana ing kutha iki*. Suraosipun: Kanjeng Nabi dipun anggep kalal (kénging) dipun kaniaya wonten ing tanah suci Makkah, mangka wawaleripun tanah suci Makkah boten kénging katerak, ngantos dalasan satonipun galak boten kénging dipun bedhag lan tatanemanipun boten kénging dipun pecoki (Bd).

2735. *Kang duwé anak* punika boten sanès kajawi Kanjeng Nabi Ibrahim, luluhuripun bangsa Arab; déné kang dianakaké punika manawi boten Kanjeng Nabi Isma'il, ingkang nalika masang tatalesing padaleman suci ing Makkah ngréncangi ingkang rama, Kanjeng Nabi Ibrahim, inggih Kanjeng Nabi Suci piyambak, awit panjenenganipun punika ingkang kasuwun wonten ing donganipun Kanjeng Nabi Ibrahim. Kanjeng Nabi Ibrahim lan Kanjeng Nabi Isma'il, sami dados pasaksi ing kayektènipun Kanjeng Nabi Suci.

2736. *Kabad* tegesipun kasusahan utawi rekaos. Sajakipun dhawuh punika ngisarahi kawontenanipun para mengsah ingkang kiyat, ingkang wonten ing ayat sambetipun kapangandikakaken kalayan tetembungan ingkang langkung umum, ingkang lèrègipun sami, inggih punika sami gadhah panganggep bilih "boten wonten satunggal punapa ingkang nguwaosi" piyambakipun. Dados dhawuh punika nyebutaken sacara amecakaken bab prakawis kasusahan ingkang calon badhé dipun sandhang déning para titiyang wau, sarta inggih prakawis punika jatos-jatosing prakawis ingkang katuju wonten ing surat punika. Nanging dhawuh punika ugi kénging dipun suraos sacara umum, maksudipun: bilih tumitahipun manusa wonten ing gesang sapunika punika boten kénging boten mesthi mawi *cacampuhan kaliyan rekaos warni-warni*, suprandéné sampun kados makaten kémawon, piyambakipun meksa gadhah panganggep bilih boten wonten satunggal punapa ingkang nguwaosi piyambakipun.

2737. Ingkang dipun maksud pratélan punika kawontenanipun ingkang wekasan para mengsah,

7 Apa dhèwèké ngira, yèn ora ana sing meruhi?

أَيَحْسَبُ أَن لَّمْ يَرَهُۥٓ أَحَدٌ ﴿٧﴾

8 Apa Ingsun ora wis maringi mripat loro marang dhèwèké,

أَلَمْ نَجْعَل لَّهُۥ عَيْنَيْنِ ﴿٨﴾

9 Sarta ilat siji lan lambé loro,

وَلِسَانًا وَشَفَتَيْنِ ﴿٩﴾

10 Apa déné wus nuduhaké dadalan loro marang dhèwèké?[2738]

وَهَدَيْنَٰهُ ٱلنَّجْدَيْنِ ﴿١٠﴾

11 Ananging dhèwèké ora niyat njajal munggah ing dalan pagunungan kang sumengka,

فَلَا ٱقْتَحَمَ ٱلْعَقَبَةَ ﴿١١﴾

12 Lah apa ta kang ngertèkaké sira, dalan pagunungan kang sumengka iku apa?

وَمَآ أَدْرَىٰكَ مَا ٱلْعَقَبَةُ ﴿١٢﴾

13 (Ya iku) mardikakaké kawula,

فَكُّ رَقَبَةٍ ﴿١٣﴾

14 Utawa awèh pangan ing dinaning paceklik,

أَوْ إِطْعَٰمٌ فِى يَوْمٍ ذِى مَسْغَبَةٍ ﴿١٤﴾

15 Marang bocah yatim kang isih ana alurané,

يَتِيمًا ذَا مَقْرَبَةٍ ﴿١٥﴾

16 Utawa marang wong miskin kang nglesod ing lebu.[2739]

أَوْ مِسْكِينًا ذَا مَتْرَبَةٍ ﴿١٦﴾

---

inggih punika ing kalanipun para titiyang wau sami nyipati bilih prakawis ingkang dipun labuhi Kanjeng Nabi pranyata angsal kamenangan. Mangka sampun kathah sanget bandha ingkang dipun awut-awut déning para titiyang wau kanggé milawani panjenenganipun. Dadosipun lajeng sami wicanten bilih anggènipun sami mengsahi ing Kanjeng Nabi punika menggah ing sajatos-jatosipun namung nama ambucal bandha blaka. Ing 8: 36 ugi wonten pratélan ingkang kados makaten punika: “Sayekti kang padha kafir iku padha nanjakaké bandhané kanggo ngalang-alangi (wong akèh) saka dadalané Allah; mulané dhèwèké iya bakal padha nanjakaké iku, tumuli iku, dadi kesusahan kang abanget ingatasé dhèwèké.”

2738. *Najd* punika tegesipun المكان الرفيع (Rgh) utawi miturut ngulami sanès الطريق في ارتفاع (Rz), jawinipun *margi ingkang pratéla.* Miturut satunggaling hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci, sarta para mufassirin sami sarujuk amastani bilih margi kakalih ingkang pratéla punika نجد الخير lan نجد الشر tegesipun *marginipun saé tuwin marginipun awon* (Rz). Margi kakalih punika dipun tedahaken dhateng manusa, piyambakipun mardika milih pundi ingkang dipun senengi *mripat kakalih* (ayat 8) kénging dipun anggé déning manusa kanggé amilahaken antawisipun awon lan saé, makaten ugi piyambakipun saged migunakaken *ilat lan lambé kakalih* (ayat 9) kanggé pitakèn, manawi piyambakipun piyambak boten sumerep.

2739. Tindak saé dhateng para ingkang sami sangsara, para miskin lan para laré yatim, punika winastan *dalan pagunungan kang sumengka*. Déné sababipun, jalaran nindakaken pandamel wau angèl

17 Sabanjuré dhèwèké iku wilangané para kang padha angèstu sarta weling-wineling alaku sabar tuwin weling-wineling welasan.

ثم كان من الذين امنوا وتواصوا بالصبر وتواصوا بالمرحمة ﴿١٧﴾

18 Ya iki wonging tangan tengen.

اولئك اصحب الميمنة ﴿١٨﴾

19 Déné para kang angafiri marang timbalan-timbalan-Ingsun, iku wonging tangan kiwa.

والذين كفروا بايتنا هم اصحب المشئمة ﴿١٩﴾

20 Geni nungkeb angrukub dhèwèké.

عليهم نار مؤصدة ﴿٢٠﴾

---

sanget. Mitulungi tiyang miskin tuwin laré yatim punapa déné mardikakaken réncang tumbasan asring dipun sebat-sebutaken, punika ngatingalaken bubudènipun Kanjeng Nabi ingkang sajati, ingkang déning satunggaling tiyang ingkang nyumerepi panjenenganipun kanthi raket winastan tiyang ingkang madosaken tedha tumrap titiyang ingkang boten gadhah tedha. Ngemungaken agami Islam piyambak, agami ingkang majibaken mardikakaken kawula réncang tumbasan, lan ngemungaken Kanjeng Nabi Muhammad saw. piyambak, pendhirining agami ingkang mintonaken conto ingkang minulya bab mardikakaken sadaya réncang tumbasan kagunganipun lan mitulungi mardikanipun réncang tumbasan sanès-sanèsipun. Para guru-guruning agami Nasrani bengak-bengok nyariyosaken bilih agami Nasrani tukang milawani pangawulan lan nacad agami Islam déné boten tumandang nyirnakaken pangawulan. Malah wonten tiyang ingkang mastani, bilih dhawuh-dhawuh bab kautamènipun mardikakaken kawula ingkang wonten ing surat-surat Makkiyah punika kasuwak déning dhawuh-dhawuh ingkang tumurun kantun (mirsanana Wherry). Pranyata punika rembag ingkang sulaya blejed kaliyan nyatanipun, awit 9: 60 (èwoning dhawuh ingkang tumurun kantun piyambak) nyebutaken pranatan-pranatan ingkang cetha, sawenèhipun inggih punika nanjakaken sapéranganipun bandha Baitu-l-Mal kanggé nebus kamardikanipun réncang tumbasan.

سُورَةُ الشَّمْسِ مَكِّيَّةٌ (٩١) آيَاتُهَا ١٥ رُكُوعُهَا ١

SURAT 91

AS-SYAMS

(*Surya*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*15 ayat*)

Katerangan gerban

Kanjeng Nabi punika *Surya*-nipun para titiyang tulus (tembung punika lajeng kanggé namanipun surat punika), ingkang sareng malethèk manusa lajeng angsal pitedah dhateng marginipun kasampurnan; nanging ngemungaken tiyang ingkang purun nucèni awakipun piyambak kémawon, ingkang saèstu angsal kabegjan, déné tiyang ingkang dados bandhanganing karisakan, mesthi boten badhé saged anggayuh ingkang kasedya. Minangka tuladha katerangaken kawontenanipun kaum Tsamud. Boten prabéda lan surat ingkang sampun, surat punika èwonipun dhawuh ingkang sepuh.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahasih.	بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ ○
a. 2099	1 Mramanakna[a] srengéngé lan padhangé,[2740]	وَالشَّمْسِ وَضُحَاهَا ۝١
	2 Sarta rembulan nalika angalap papadhangé,[2741]	وَالْقَمَرِ إِذَا تَلَاهَا ۝٢
Ut. *srengéngé*	3 Sarta raina nalika amlethèkaké *iku*,[2742]	وَالنَّهَارِ إِذَا جَلَّاهَا ۝٣

2740. *Asy-syams* utawi *surya* punika wonten ing basa Arab *muannats* (kaanggep barang ingkang asifat èstri wonten ing dalem paramasastra), déné *al-qamar*, *rembulan*, punika *mudhakkar* (jaler), dados kaliyan basa Inggris, upaminipun, kosokwangsul. *Dluha*, nadyan limrahipun kanggé mastani wanci énjing ing sasampunipun mlethèk surya, nanging ugi ateges papadhang, sarta inggih punika tegesipun *dluha* ing ngriki.

2741. *Talâ-hâ* punika wantahipun ateges *manut dhèwèké*; nanging miturut Rgh (tumrap satunggaling barang ingkang manut satunggalipun) ingkang makaten punika *tarkadhang menggah ing awak-awakanipun, lan tarkadhang ing dalem anggènipun niru ing kawontenanipun.* Mila anggèning panjenenganipun nerangaken *talâ-hâ* ing ayat punika ateges: *manut sarana niru utawi ing dalem pangkatipun*, *awit rembulan punika ngalap papadhang saking surya.* Farra nganggep teges makaten punika tegesipun ingkang sajatos tembung wau, awit panjenenganipun nerangaken makaten: *satunggal manut satunggalipun ing dalem satunggaling prakawis*, tegesipun *anjupuk saka dhèwèké* (Rz). Dados tegesipun ingkang sajatos dhawuh wau: *nalika dhèwèké (rembulan) ngalap papadhang saka srengéngé*.

2742. Para mufassirin sami sarujuk amastani *dlamir* (tembung purusa) ingkang wonten ing *jallâ-hâ* punika wangsul dhateng *ad-dunyâ*, *donya*, sanajan ta boten kasebutaken wonten ing ngriki: awit kados déné kateranganipun Kf, tumrap ingkang kados makaten punika sampun cetha suraosipun, kados déné

4 Tuwin wengi nalika anutupi *iku,*[2743]

وَالَّيْلِ إِذَا يَغْشٰهَا ۝٤

Ut. *srengé-ngé*

5 Lan langit sarta *yasané,*

وَالسَّمَآءِ وَمَا بَنٰهَا ۝٥

Ut. *Ingkang-yasa*

6 Sarta bumi tuwin *gumelaré,*

وَالْأَرْضِ وَمَا طَحٰهَا ۝٦

Ut. *Ingkang-anggelar*

7 Apa déné jiwa tuwin *sampur-nané,*[2744]

وَنَفْسٍ وَّمَا سَوّٰهَا ۝٧

Ut. *Ingkang-nyampur-nakaké*

8 Banjur Panjenengané aparing weruh kalawan ilham nyimpangé saka ing bener sarta Panjaganing dhiriné (saka ing ala);[2745]

فَأَلْهَمَهَا فُجُورَهَا وَتَقْوٰهَا ۝٨

---

ukara اصبحت باردة jawinipun: *adhem banget*, suraosipun *ésuk iki adhem banget*, sanajan tembung "ésuk" wau boten kasebutaken wonten ing tetembungan wau (Rz).

2743. *Dlamir* ingkang wonten ing tembung *yagsyahâ* punika ugi wangsul dhateng *ad-dun-ya* (*donya*) sanajan inggih wonten sawenèh mufassir ingkang merdéni *dlamir* wau wangsul dhateng *surya.*

2744. *Mâ* ing ayat 5-7 kula suraos *mashdariyah*, milanipun kula jarwani kados makaten wau. Pakèwed ingkang dipun cungulaken déning Kf punika sajatosipun sanès pakèwed saèstu, awit *alhamahâ* ing ayat 8 punika kénging kasuraos jejeripun: Pangéran. Malah dipun anggepa *mâ* wau *mâ mausûlah*, meksa inggih sampun genah manawi tegesipun punika inggih kados ingkang kaserat wonten margin punika; ing tiga-tiganipun ayat wau *mâ* wangsul dhateng Pangéran, jalaran wonten ing basa Arab *mâ* punika boten namung asring dipun pigunakaken kados déné *man* kémawon, kados déné ing 4: 22, nanging *mâ* punika malah mengku suraos mratélakaken luhuripun jejer ingkang dipun sebut, dados dhawuh pratélan wau sami kaliyan makaten ungelipun: *dhemi langit lan Dhat Ingkang-Mahakawasa Kang gawé iku*.

Ing ayat punika, inggih punika ayat 7, punika ingkang dipun dhawuhaken supados dipun gatosaken bab *kasampurnanipun* jiwa, makaten ugi kabetahanipun ruhani lan budipakerti pun jiwa. Wondéné nem ayat ingkang wiwitan, punika ingkang dipun pangandikakaken bab kabetahanipun wadhag pun jiwa. Pangéran Ingkang-Mahaluhur sampun anitahaken surya tuwin papadhangipun, rembulan, raina lan dalu, langit ingkang inggil tuwin bumi ingkang jembar, sadaya murih dipun alap piguna déning manusa. Suprandéné sadaya wau namung dumunung kanggé nyampedi kabetahanipun wadhag manusa. Kanggé kasampurnanipun jiwa, kabetahanipun ruhani inggih kedah dipun jangkepi; bab punika kasebutaken wonten ing ayat 8-10.

2745. Ayat punika gathukipun pratélan ingkang kasebut ing ayat ingkang sampun bab prakawis kasampurnanipun jiwa, awit ayat wau nedahaken dhateng margining kasampurnan. Sasambetanipun wau kapratélakaken kalayan *fâ*, ingkang dipun pigunakaken minangka *ta'qîb*. Nyampurnakaken jiwa punika asarana ilham, awit ilham punika adamel cetha pratélanipun margi kakalih, *fujur*, utawi *marginipun panyimpang saking yakti*, inggih punika *margi awon* tuwin *taqwâ* utawi *marginipun bekti* (*marginipun panjagi saking awon*), inggih punika *margi saé*. Sagedipun kasampurnan kagayuh, punika kedah sarana nebihi margi awon lan ngambah margi saé. Tuwan Rodwell lan tuwan Palmer anggènipun anjarwakaken ayat punika klèntu. Tuwan Rodwell anggènipun anjarwakaken makaten: *sarta aniyupaké marang dhèwèké durakané lan bektiné*. Tuwan Palmer: *sarta mulang ing dhèwèké dosané lan bektiné*. Kula wastani klèntu awit pratélan kados makaten punika boten namung cengkah kaliyan Quran ing sageblengipun kémawon, nanging ugi cecengkahan piyambak aliyas boten mantuk sarta boten teges. Manawi cara jarwan wau dhawuh punika lajeng mengku suraos, manawi tiyang tilar pandamel awon lan nindakaken saé, punika Gusti Allah ingkang niyup (ngajani) piyambakipun tumindak makaten wau; makaten ugi manawi piyambakipun nilar saé lan nindakaken awon, punika inggih Allah ingkang mulang piyambakipun supados tumindak kados makaten punika; lah punika cetha nglengkara sanget. Ayat kakalih sambetipun ugi anggorohaken pratélan makaten wau. Makaten ugi dhawuh punika boten perlu dipun wewahi tetembungan sagedipun kasumerepan tegesipun ingkang saèstu, kados déné lekas-

9 Sayekti begja sapa-sapa sing ngresiki jiwané,

قَدْ أَفْلَحَ مَنْ زَكَّاهَا ۝٩

10 Lan temen kapitunan sapa-sapa sing angregedi jiwané.[2746]

وَقَدْ خَابَ مَنْ دَسَّاهَا ۝١٠

11 Bangsa Tsamud anggorohaké kasunyatan kalawan pambalasaré,[2747]

كَذَّبَتْ ثَمُودُ بِطَغْوَاهَا ۝١١

12 Nalika wongé kang cilaka banget jumedhul (anggawa piala),

إِذِ انْبَعَثَ أَشْقَاهَا ۝١٢

13 Banjur utusaning Allah calathu marang dhèwèké: Unta wadon kagunganing Allah iku (togna baé) sarta ombènana.

فَقَالَ لَهُمْ رَسُولُ اللَّهِ نَاقَةَ اللَّهِ وَسُقْيَاهَا ۝١٣

---

ipun, tuwan Sale, mawi nyeselaken tetembungan *indriya kang bisa amilah-milahaké lan kakuwatan kanggo milih*, ingkang boten kasebut wonten ing dhawuhipun ingkang asli. *Al-hama-ha* tegesipun *niyup marang dhèwèké* (LL), dados dhawuh wau cocog kaliyan dhawuh ing 90: 10, “Lan Ingsun wus anuduhaké dadalan loro marang dhèwèké.” Kula amewahi tembung *ilhâm* (*wisik*) jalaran *ilhâm* makaten tegesipun *mesthi wisik ingkang dipun isarahaken utawi dipun tiyupaken déning Pangéran*, kados déné kateranganipun Rgh: “punika namung tartamtu isyarah ingkang dipun isyarahaken déning Allah.” Rz nerangaken *niyupaken wisik saé lan awon punika tegesipun mangertosaken lan nyumerepaken manusa dhateng kakalihipun wau*, sarta panjenenganipun inggih anerangaken bilih katerangan makaten punika dipun ajengi déning Ibnu ‘Abbas tuwin para mufassirin ingkang kénging pinitados sanget.

2746. *Zakkâ-hâ* punika saking *zakâ*, tegesipun *wewah*, dados asalipun tembung wau ateges *ngundhakaké* utawi *ngrembakakaké iku* (Msb, TA-LL), déné *dassâ-hâ* punika saking tembung *dassa-hû*, asalipun ateges *ngumpetaké* utawi *nyingidaké iku*. *Zakkâ-hâ* tegesipud ingkang kaping kalih *ngresiki iku*, *dassâ-hâ ngrusak iku*. Tembung kakalih punika dipun agem, punika menggah ing sajatos-jatosipun anedahaken bilih indriya-indriya ingkang perlu kanggé anggayuh kasampurnan punika sampun kaparingaken dhateng saben tiyang, nanging sawenèh tiyang wonten ingkang purun nuwuhaken indriya-indriya wau sarana anggegesang indriya-indriya wau, sawenèhipun malih, wonten ingkang ngrisak indriya-indriya wau sarana ngèndelaken kémawon indriya-indriya wau lastantun sumingid, boten purun ambabar indriya-indriya wau kanggé kasaénanipun piyambak.

Kapèngetana, angger-anggeripun Quran bab karahayon punika makaten: ingkang murugaken manusa dumugi ing punjer ingkang katuju, punika manawi manusa purun ngresiki jiwanipun saking sawarnining rereged; kosokwangsulipun sinten ingkang ngrisak jiwanipun sarana manggung wonten ing dalem piawon, mesthi boten badhé saged anggayuh maksuding gesangipun ingkang sajati. Ayat punika paring pitedah ingkang terang, bab kawontenanipun ingkang sajati panggalihipun Kanjeng Nabi.

2747. Ayat punika maringi conto bab kawontenanipun para titiyang ingkang ing wekasanipun boten angsal damel margi risaking gesangipun, sarwi maringi pèpènget dhateng para titiyang Makkah, manawi piyambakipun sami kelajeng-lajeng anggènipun ngambah margi ingkang awon sarta boten purun wangsul dhateng katulusan, boten purun nanggapi pangajakipun Kanjeng Nabi, nanging malah nyiya-nyiya Kanjeng Nabi kados déné kaum Tsamud nyiya-nyiya Nabinipun, wekasanipun mesthi badhé nemahi nasib kados déné ingkang dipun sandhang déning kaum Tsamud wau. Manawi piyambakipun purun manut miturut dhateng Kanjeng Nabi, piyambakipun mesthi badhé saged anggayuh ing kasampurnan; nanging manawi sami nulayani panjenenganipun, piyambakipun mesthi badhé nandhang karisakan kados déné umat ingkang sampun-sampun, ingkang sami manggung wonten ing dalem awon, nglirwakaken pèpèngeting Nabinipun.

Ar. *dhèwèké* Ar. *dhèwèké* Ar. *Pangé-ranė* Ar. *dhèwèké*	14 Ananging *bangsa Tsamud* anggorohaké dhèwèké sarta matèni *untaning Allah;* mulané *Pangéran* anumpes *bangsa Tsamud* amarga saka dosané, sarta digawé lèsèh (padha karo lemah).	فَكَذَّبُوهُ فَعَقَرُوهَا فَدَمْدَمَ عَلَيْهِمْ رَبُّهُم بِذَنبِهِمْ فَسَوَّىٰهَا ﴿١٤﴾
	15 Lan Panjenengané ora kuwatir marang wasanané.[2748]	وَلَا يَخَافُ عُقْبَٰهَا ﴿١٥﴾

2748. Allah boten badhé mraduli angsal-angsaling siksa ingkang andhawahi satunggaling umat, manawi umat wau pancèn sampun mungguh kadhawahan ing siksa wau. Kalebet wasananing siksa, inggih punika anak-anakipun sami tinilar anggana tanpa wonten ingkang ngayomi lan ingkang rumeksa.

(٩٢) سُوْرَةُ الَّيْلِ مَكِّيَّةٌ

SURAT 92

AL-LAIL

(*Dalu*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*21 ayat*)

Katerangan gerban

Maksudipun surat punika badhé anedahaken bilih *Daluning* kakapiran lan kabodhoan (ingkang lajeng kadadosaken irah-irahanipun surat punika) badhé sumisih lan kagentosan ing papadhanging raina; awit tumrap panyarempengipun manusa dhateng maksud ingkang mawarni-warni, punika wonten pipilahanipun makaten: para ingkang nyarempeng badhé anjumenengaken kasaénan mesthi badhé manggih sakéca, déné ingkang sami andurusi awon mesthi badhé manggih rekaos. Surat punika ugi èwoning dhawuh ingkang tumurun nalika jaman wiwitan. Katrangan ingkang nyariyosaken bilih tumurunipun surat punika margi lekasipun Bagéndha Abu Bakr tuwin Umayyah bin Khlaf, punika namung saged dipun anggep kalayan mengku suraos bilih sahabat Abu Bakr lan Umayyah wau wonten ing babading Islam jaman wiwitan conto ingkang melok minangka tuladhanipun tiyang ingkang nyarempeng dhateng kasaénan (Bagéndha Abu Bakr) lan tiyang ingkang nyarempeng dhateng awon (Umayyah bin Khlaf).

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ

a. 2099 1 Mramanakna[a] wengi nalika ametengi,

وَالَّيْلِ إِذَا يَغْشٰى ۝١

2 Lan raina nalika padhang sumilak anelahi,

وَالنَّهَارِ إِذَا تَجَلّٰى ۝٢

3 Sarta tumitahing lanang lan wadon,

وَمَا خَلَقَ الذَّكَرَ وَالْأُنْثٰىٓ ۝٣

4 Sayekti jangkahira iku (tumuju marang ancas) warna-warna.[2749]

إِنَّ سَعْيَكُمْ لَشَتّٰى ۝٤

2749. Ayat ingkang angka sakawan punika nerangaken angsal-angsalaning panglimbang-limbang kawontenan ingkang kasebutaken wonten tigang ayat ingkang wiwitan wau. Dalu nutupi sadaya barang, raina madhangi sadaya barang wau; kakalih punika dados minangka pasaksèn, bilih boten prabéda lan gilir gumantosipun pepeteng lan papadhang punika mahanani kawusanan ingkang béda-béda, lah makaten ugi panyarempengipun manusa dhateng kasaénan – kasanépakaken papadhanging raina – lan panyarempengipun dhateng awon – kasanépakaken pepetenging dalu – punika mesthi inggih ngawontenaken woh ingkang boten sami. Tumitahipun jaler lan èstri – ingkang mengku teges tumitahipun sagung titah ingkang asifat gesang, awit sadaya titah ingkang asifat gesang

5 Ana déné wong kang wèwèh sarta anjaga dhiriné (saka ing ala),	فَأَمَّا مَنْ أَعْطَىٰ وَاتَّقَىٰ ﴿٥﴾
6 Tuwin amisinggihaké kang becik,	وَصَدَّقَ بِالْحُسْنَىٰ ﴿٦﴾
7 Lah iku bakal Ingsun gampangaké marang kawusanan kang gampang.	فَسَنُيَسِّرُهُ لِلْيُسْرَىٰ ﴿٧﴾
8 Déné wong kang kumed sarta rumasa ora butuh (marang Allah),	وَأَمَّا مَنْ بَخِلَ وَاسْتَغْنَىٰ ﴿٨﴾
9 Apa déné anampik marang kang becik,	وَكَذَّبَ بِالْحُسْنَىٰ ﴿٩﴾
10 Lah iku bakal Ingsun gampangaké marang kawusanan kang angèl.	فَسَنُيَسِّرُهُ لِلْعُسْرَىٰ ﴿١٠﴾
11 Lan bandhane ora bakal makolehi marang dheweke samangsa dhèwèké rusak.[2750]	وَمَا يُغْنِي عَنْهُ مَالُهُ إِذَا تَرَدَّىٰ ﴿١١﴾
12 Sayekti nuduhaké dalan iku tanggungan Ingsun,	إِنَّ عَلَيْنَا لَلْهُدَىٰ ﴿١٢﴾
13 Lan sayekti akhirat sarta donya iku Ingsun kang kagungan,[2751]	وَإِنَّ لَنَا لَلْآخِرَةَ وَالْأُولَىٰ ﴿١٣﴾
14 Mulané Ingsun apépéling marang sira, geni kang mulad-mulad;	فَأَنْذَرْتُكُمْ نَارًا تَلَظَّىٰ ﴿١٤﴾

punika mesthi jaler lan èstri tumitahipun – punika ugi dados pasaksi tumrap kasunyatan ingkang makaten wau, jalaran ing ngriku satunggal-satunggalipun ugi nyarempeng dhateng satunggaling tuju ingkang dipun ener, sarta satunggal-satunggalipun ngundhuh wohipun miturut panyarempengipun

2750. Conto kakalih ingkang kawarsitakaken wonten ing ayat-ayat punika anggambaraken tiyang ingkang purun nampèni lan tiyang ingkang angemohi ing Kanjeng Nabi Suci. Ingkang angka satunggal angsal-angsalanipun *sakéca*, ingkang angka kalih *rekaos*, aliyas *kacilakan*. Manawi kasuraos ayat-ayat punika mengku karsa mangandikakaken Bagéndha Abu Bakr lan Umayyah bin Khalf, kados déné kateranganipun Qaffal, kakalihipun wau namung minangka conto; kawusananipun ingkang angka satunggal: sakéca, Bagéndha Abu Bakr kajumenengaken khalifah ingkang ngasta papréntahanipun tanah Arab; ingkang angka kalih cetha cilaka wasananipun bandhanipun boten migunani punapa-punapa dhateng piyambakipun nalika pancasanipun Pangéran dhumawah.

2751. *Akhirat* ing ngriki punika mengku teges gesang sasampuning pejah tuwin gesang ing sapunika ing tembé wingkingipun; déné donya ing ngriki gesang sapunika ing wekdal ingkang sampun-sampun.

15 Ora bakal mlebu mrono kajaba kang banget cilaka,	لَا يَصْلٰىهَآ اِلَّا الْاَشْقَى ۙ ﴿١٥﴾
16 Kang anggorohaké (kasunyatan) sarta amaléngos.	الَّذِيْ كَذَّبَ وَتَوَلّٰى ۗ ﴿١٦﴾
17 Lan bakal diedohaké saka ing iku wong kang anggoné anjaga dhiriné (saka ing ala),	وَسَيُجَنَّبُهَا الْاَتْقَى ۙ ﴿١٧﴾
18 Kang mèwèhaké bandhane, anucèni dhiriné.	الَّذِيْ يُؤْتِيْ مَالَهٗ يَتَزَكّٰى ۚ ﴿١٨﴾
19 Ora (karana) ana wong kang duwé panggawé becik kang masthi diganjar.	وَمَا لِاَحَدٍ عِنْدَهٗ مِنْ نِّعْمَةٍ تُجْزٰٓى ۙ ﴿١٩﴾
20 Kajaba angupaya pirenaning Pangérané,[2752] Ingkang-Mahaluhur	اِلَّا ابْتِغَاۤءَ وَجْهِ رَبِّهِ الْاَعْلٰى ۚ ﴿٢٠﴾
21 Lan dhèwèké bakal tumuli seneng.	وَلَسَوْفَ يَرْضٰى ۧ ﴿٢١﴾

2752. Ngemungaken pirenaning Pangéran thok nugraha ingkang kedah dipun ajeng-ajeng déning manusa, awit saking punika mila punika dados maksud tujuanipun gesang tumrap tiyang Islam, sami ugi punapa ingatasing suwarganipun ing bénjing, punapa suwarganipun ing gesang sapunika punika. Punika cocog kaliyan dhawuh ing 9: 72 èwoning dhawuh ingkang tumurun kantun piyambak: “Sarta kabèh iku kang becik dhéwé yaiku pirena saka ing Allah; mangkono iku pakolih kang gedhé.” Para ingkang sami kagungan pakareman nedah-nedahaken sulayanipun wahyunipun Kanjeng Nabi ingkang tumurun ing jaman wiwitan kaliyan ingkang tumurun ing jaman ingkang kantun-kantun, samia manah dhawuh punika. Maksud lan tujuanipun Islam, punjer ingkang kadhawuhaken supados dados ener. Ing tujuanipun manusa, tetep namung satunggal lan boten sontan-santun, sanajan sugengipun Kanjeng Nabi ngalami kawontenan ingkang warni-warni cakrikipun.

سُوْرَةُ الضُّحٰى مَكِّيَّةٌ (٩٣) آيَاتُهَا ١١ رُكُوْعُهَا ١

SURAT 93

ADL-DLUHÂ

(*Wanci énjing*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*11 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng pencaring papadhangipun surya Islam, awit saking punika mila surat punika kanamakaken *adl-dluhâ*, jawinipun *wanci énjing*. Kalih surat ingkang sampun mangandikakaken sacara ngibarat, bab rawuhipun Kanjeng Nabi Suci kadi déné malethèkipun surya. Ngibarat wau taksih dipun lajengaken wonten ing ngriki. Boten prabéda lan soroting surya punika anggènipun sumorot penuh ambalerengi boten sami sanalika ing sasampunipun surya malethèk, lah makaten ugi yakti, punika sumorotipun ingkang kalayan penuh anelahi inggih kalayan sarenti. Sadaya fihak nganggep bilih surat punika kalebet panunggilanipun surat ingkang tumurun nalika jaman wiwitan.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
a. 2099	1 Mramanakna[a] wayah ésuk,	وَالضُّحٰى ①
	2 Lan wengi nalika kalimputan ing peteng.	وَالَّيْلِ إِذَا سَجٰى ②
Ut. *ninggal*	3 Pangéranira ora *négakaké* sira sarta ora rengu,[2753]	مَا وَدَّعَكَ رَبُّكَ وَمَا قَلٰى ③

2753. Nadyan soroting surya ing wanci énjing punika dèrèng penuh ambalerengi, suprandéné manawi dipun tandhing kaliyan pepetenging dalu, nama sampun wonten éwah-éwahan. Makaten ugi kawontenanipun Kanjeng Nabi Suci. Nalika Kanjeng Nabi énggal-énggalan jumeneng dados utusan, nadyan kayektènipun punika sampun cetha pratéla katitik saking wontenipun papadhang ingkang sumorot ing tanah Arab déning rawuhipun, suprandéné manawi katandhing kaliyan pepeteng ndedhet lilimengan ingkang nglimputi jazirah Arab ing nalika jaman sadèrènging panjenenganipun rawuh, kayektènipun wau nama dèrèng sumorot kados surya ing wanci tengangé; kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat candhakipun, sumoroting papadhangipun Kanjeng Nabi ingkang kalayan gumebyar anelahi punika calon kelampahanipun boten sami sanalika, nanging kalayan sarenti saking sakedhik. Para mufassirin sami ngandharaken hadits warni-warni, ingkang suraosipun kémawon nerangaken, Bilih tumurunipun ayat punika nalika Kanjeng Nabi boten katurunan wahyu ngantos sawatawis dangu, miturut Bkh kalih utawi tigang dinten, miturut salah satunggalipun hadits-hadits wau, para titiyang kafir sami wicanten bilih *Allah wis téga karo Muhammad lan wis ora remen marang dhèwèké* (Rz). Bab prakawis tumurunipun wahyu dhateng Kanjeng Nabi mawi antawis, punika nyata: sarta saged ugi tumurunipun ayat punika minangka panglipur dhateng panjenenganipun, bilih komplanging wahyu punika boten teka margi Pangéran boten rena. Utawi saged ugi dhawuh punika mengku suraos umum,

4 Lan sayekti, kang bakal kalakon iku luwih becik tumrap ing sira tinimbang sing wis kalakon.[2754]

وَلَلْآخِرَةُ خَيْرٌ لَّكَ مِنَ الْأُولَىٰ ﴿٤﴾

5 Lan Pangéranira bakal énggal apaparing marang sira, supaya sira rena.

وَلَسَوْفَ يُعْطِيكَ رَبُّكَ فَتَرْضَىٰ ﴿٥﴾

Ut. *anguni-ngani*

6 Apa Panjenengané ora *nemu* ing sira iku bocah lola,[2755] banjur aparing pangayoman?

أَلَمْ يَجِدْكَ يَتِيمًا فَآوَىٰ ﴿٦﴾

Ut. *anguni-ngani*

7 Sarta (apa ora) *anemu* ing sira ora bisa weruh, banjur anuduhaké dalan?[2756]

وَوَجَدَكَ ضَالًّا فَهَدَىٰ ﴿٧﴾

---

bilih Kanjeng Nabi mesthi boten badhé dipun tégakaken, wangsul pakaryanipun saya dangu malah saya kiyat lan menang wekasanipun, kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat-ayat candhakipun punika.

2754. Kados makaten punika yakti, inggih punika, nadyan majengipun punika kalayan anggremet, tur mawi cacampuhan ingkang anderpati kaliyan wadyabalaning panggorohan, yakti wau mesthi terus majeng-majeng. Saben angsal damel énggal, punika mesthi langkung saé tumrap Kanjeng Nabi katimbang lan ingkang sampun, sarta bab punika boten namung pinanggih nyata nalika jaman sugengipun Kanjeng Nabi kémawon, nanging nadyan dumugi ing dinten sapunika ugi inggih tetep nyata, sarta badhé tansah tetep nyata ing salami-laminipun.

2755. Bagéndha ‘Abdullah, ingkang rama Kanjeng Nabi, séda nalika kirang langkung tigang wulan sadèrèngipun Kanjeng Nabi miyos. Siti Aminah, ingkang ibu, séda nalika Kanjeng Nabi yuswa nem taun. Ingkang éyang, Bagéndha ‘Abdul Muththalib, inggih punika ingkang ngitik-itik Kanjeng Nabi ing sasampunipun séda ingkang ibu, séda let kalih taun malih. Wiwit ing wekdal wau Kanjeng Nabi dipun itik-itik déning Bagéndha Abu Thalib, pamanipun, ingkang sugengipun meningi nalika Kanjeng Nabi tampi ayahaning Pangéran ambagun sagung para manusa.

2756. Tumrap para juru-nyebaraken agami Nasrani ayat punika dados bukti pamungkas, bilih Kanjeng Nabi punika “dosa.” Babar pisan piyambakipun boten purun manah dhawuhipun Quran Suci ing panggènan sanès. *Dlall* ing ngriki punika boten ateges *sasar*; bab punika kacetha ing dhawuh ing 53: 2 ingkang mungel makaten: “*ora sasar* mitranira.” Tiyang ingkang kapangandikakaken boten naté sasar wonten ing satunggaling panggènan, tangèh lamun wonten ing panggènan sanès kasebut sasar, mangka dhawuh kakalih wau kagolong dhawuh ingkang tumurunipun kirang langkung nunggil jaman, namung surat 93 langkung sepuh katimbang lan surat 53. Makaten ugi ayat kakalih wau inggih boten cecengkahan. Ingkang murugaken klèntu, punika manawi suraosing tembung ingkang momot boten dipun gatosaken saèstu, sarta puguh mathok bangkrong anggènipun negesi tembung wau, boten praduli punapa laras kaliyan suraosing dhawuh punapa boten. Déné katrangan ingkang nyariyosaken bilih nalika Kanjeng Nabi dèrèng jumeneng Nabi dados tukang nembah brahala, punika dora. Kathah hadits-hadits ingkang kénging dipun gondhèli, ingkang nyariyosaken bilih ngantos nalika panjenenganipun taksih timur andhèrèk ingkang paman dhateng nagari Syam, panjenenganipun sampun ngatingalaken gethingipun ingkang sanget dhateng lampah panembah-brahala. Kathah cariyos lalampahanipun Kanjeng Nabi nalika taksih timur ingkang dipun cariyosaken déning ingkang paman, Abu Thalib, ingkang suka pasaksèn kiyat bilih Kanjeng Nabi boten remen sanget dhateng lampah panembah-brahala. Bagéndha Abu Thalib punika kalangkung déning tresna dhateng Kanjeng Nabi, ngantos nalika para titiyang Quraisy sami milawani panjenenganipun, Bagéndha Abu Thalib wau tumut anduwa panglawaning bangsanipun sadaya. Bagéndha Abu Thalib naté ngandika dhateng Bagéndha ‘Abbas, sadhèrèkipun kakung, bilih panjenenganipun dèrèng naté mrangguli Kanjeng Nabi Muhammad saw. ngandika dora, makaten ugi inggih dèrèng naté nyipati Kanjeng Nabi kasinungan kabodhoan

Ut. *anguni-ngani*	8 Lan (apa ora) *nemu* ing sira kacingkrangan, banjur anyukupi?[2757]	وَوَجَدَكَ عَآئِلًا فَأَغْنَىٰ ۝٨

(*jahiliyât*); Kanjeng Nabi boten naté tumut dolanan kaliyan laré-laré sanèsipun. Sapunika sumangga sami nimbang-nimbang suraosing dhawuh, gathukipun kaliyan dhawuh ing nginggil lan ing ngandhapipun. Ayat 6, 7 lan 8 sambet rapet kaliyan ayat 9, 10 lan 11 satunggal sami satunggal. Ayat 6 mangandikani Kanjeng Nabi bilih panjenenganipun piyambak punika yatim, pupuntoning dhawuh, supados Kanjeng Nabi inggih boten anyiya-nyiya laré yatim kapacak wonten ing ayat 9. Makaten ugi ayat 8, mangandikakaken nugrahaning Pangéran ingkang sampun anguwalakaken panjenenganipun saking anggènipun kikirangan; pupuntoning dhawuh kapacak wonten ing ayat 11, inggih punika panjenenganipun inggih kedah angundhangakaken nugrahanipun Pangéran ingkang sampun kaparingaken dhateng panjenenganipun wau. Dados sampun terang bilih ayat 6 punika sambet rapet kaliyan ayat 9, ayat 8 kaliyan ayat 11, milanipun ayat 7 lan ayat 10 punika mesthi inggih nunggil ingkang karembag. Ayat 10 kalayan terang mangandikakaken tiyang ingkang nedha dipun tuntun dhateng yakti, utawi tiyang papriman limrah ingkang ambetahaken pitulunganipun ngasanès, margi awakipun piyambak boten saged nindakaken punapa-punapa utawi boten saged nyambut damel punapa-punapa (mirsanana tafsir sambetipun). Kalayan mengku teges punika Kanjeng Nabi punika inggih *sâil*. Leres panjenenganipun boten naté nembah brahala, nanging tanpa pitulungipun Allah panjenenganipun boten saged ngupados margi piyambak kanggé ambangun umatipun, ingkang sakalangkung déning sanget dipun prihatosaken. *Dados panjenenganipun punika boten pirsa ing margi saking moganipun piyambak*, déné tembung *dlall* punika tegesipun *tiyang ingkang bingung lan boten sumerep ing margi* saking moganipun piyambak, jalaran tembung kriya *dlalla* (ingkang lingganipun *dlâll*) punika ateges *dhèwèké bingung lan ora weruh eneré sing bener* (Ibnu-s-Sa'id, TA-LL). Dados suraosipun dhawuh wau makaten: Allah uninga bilih Kanjeng Nabi ngupados margi, nanging panjenenganipun boten saged damel margi piyambak, milanipun Allah lajeng *nuntun* panjenenganipun sarana cahya Ilahi. Kalayan sacara makaten punika Kanjeng Nabi dipun dhawuhi sampun ngantos sengol dhateng sadhéngah tiyang ingkang nedha, sarta supados maringi pitulungan dhateng piyambakipun, kados déné anggènipun Gusti Allah sampun mitulungi ing panjenenganipun. Utawi *dlall* punika ugi ateges *tiyang ingkang ketungkul* (TA-LL) nalika ngupadosi sawenèh prakawis, kados déné para putranipun Kanjeng Nabi Ya'qub anggènipun mastani ingkang rama: dumunung ing *dlalâl* (Rgh) jawinipun ketungkul ing tresna dhateng Kanjeng Nabi Yusuf. Dados saged ugi dhawuh punika ateges bilih Kanjeng Nabi kalangkung anggènipun anjungkung ngupadosaken margi ingkang leres tumrap jagad ngantos panjenenganipun ketungkul.

Rz anggènipun nerangaken dhawuh punika ngantos warni kalihdasa. Kajawi ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, katranganipun Rz ingkang angka satunggal prayogi dipun pèngeti wonten ing ngriki. Katrangan wau adhadhasar wawatonipun Ibnu 'Abbas, Hasan, Dk tuwin sanès-sanèsipun, inggih punika *dlall* punika ateges *gâfil*, jawinipun *boten mangertos* kenabian tuwin pranatanipun syara'; sarta katrangan punika cocog kaliyan dhawuh ing 42: 52: "Lan iya kaya mangkéné iki anggon-Ingsun amahyokaké kitab-winahyu marang sira saka paréntah-Ingsun; mauné sira ora weruh kitab iku apa, mangkono uga iman, nanging iku Ingsun dadèkaké papadhang. Ingsun agem anuntun para kawula-Ningsun endi kang dadi kapareng-Ingsun."

Ayat ingkang kapethik ing nginggil punika ugi ngiyataken katrangan ing ngajeng, awit bakuning katrangan wau sami kaliyan suraosing dhawuh ing 42: 52, inggih punika bilih Kanjeng Nabi boten mangertos kados pundi anggènipun badhé anuntun titiyang sanès dhateng margi ingkang leres, nanging panjenenganipun mrihatosaken sanget dhateng para titiyang wau, milanipun Allah anedahaken margi dhateng panjenenganipun.

2757. Kanjeng Nabi kacingkrangan, lan dipun uwalaken saking anggènipun kacingkrangan, punika ingkang dipun karsakaken boten namung kawontenanipun Kanjeng Nabi tumrap prakawis kadonyan utawi prakawis arta kémawon (manawi kapara nyata prakawis punika kalebet ingkang dipun karsakaken ing dhawuh), nanging ugi kacingkranganipun Kanjeng Nabi menggahing ruhani lan anggènipun kaluwaraken saking kacingkrangan punika. Utawi inggih saged ugi ingkang dipun karsakaken punika anggènipun Kanjeng Nabi ing sakawit piyambakan lan anggèning ing pawingkingipun kathah tiyang ingkang anggolong dhateng panjenenganipun tumut biyantu makarya kaliyan panjenenganipun (Rz).

9 Mulané, marang bocah yatim aja sira nindhes.[2758]	فَأَمَّا الْيَتِيمَ فَلَا تَقْهَرْ ۝٩
10 Lan marang wong anjaluk aja sira sengol.[2759]	وَأَمَّا السَّائِلَ فَلَا تَنْهَرْ ۝١٠
11 Sarta marang nugrahaning Pangéranira sira angundhangna.[2760]	وَأَمَّا بِنِعْمَةِ رَبِّكَ فَحَدِّثْ ۝١١

2758. Boten wonten panutan sanès ing jagad punika ingkang ngantos samanten anggènipun migatosaken ngupakara laré yatim, kados Kanjeng Nabi Muhammad saw. Ing antawising hadits pangandikanipun ingkang kathah punika, wonten satunggal ingkang makaten: *Sing sapa ngupakara bocah yatim iku karo aku kaya déné loro iki* (sarwi ngacungaken drijining astanipun kalih iji kadèmpètaken) Hadits sanèsipun mangandikakaken makaten: *Samangsa bocah yatim iku nangis, eluhé tètès marang astané Pangéran Ingkang-Mahamurah* (Rz).

2759. Limrahipun tembung *sâil* ing ayat punika dipun muradi mengku teges *tiyang papriman*. Nanging *wong anjajaluk*, utawi *wong kang tatakon*, punika jarwan ingkang langkung prayogi, awit raosing tembung ingkang asli, ingkang wiyar punika taksih kawengku wonten ing jarwan wau. Hasan anggènipun muradi tembung wau ateges من يسأل العلم jawinipun *wong kang tatakon prakara kawruh*, sarta murad punika dipun kiyataken déning lalampahan ingkang kaandharaken wonten ing ayat wiwitaning surat 80 (Rz). Langkung-langkung malih murad punika laras kaliyan maksudipun ingkang baku kautusipun Nabi, inggih punika mencaraken ngélmu sajati,

2760. *Ni'mat* utawi *nugraha* punika boten sanès kajawi wahyuning Pangéran, awit sampun dipun akeni wonten ing sagemblenging Quran Suci, wahyu punika nugrahanipun Pangéran ingkang ageng piyambak. Menggah ing sajatos-jatosipun inggih nugraha gung tanpa sama punika, ingkang tansah dipun undhang-undhangaken ing salaminipun Kanjeng Nabi sugeng. Mujahid ngandika: تلك النعمة هي القران *nugraha wau inggih Quran punika* (Rz).

سُوْرَةُ أَلَمْ نَشْرَحْ مَكِّيَّةٌ (٩٤) آيَاتُهَا ٨ رُكُوْعُهَا ١

SURAT 94

AL-INSYIRÂH

(*Anjembaraken*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*8 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika, boten prabéda lan surat-surat ingkang sampun, ugi paring panglipur dhateng Kanjeng Nabi. Panjenenganipun boten badhé lastantun teterusan nandhang rekaos, wangsul tumunten badhé manggih sakéca. Bab punika kathah titikanipun, inggih punika dhadhanipun Kanjeng Nabi *binuka* utawi *jinembaraken* tumrap yakti (ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika). Sasanggèn ingkang sakalangkung awrat, ingkang babasan mèh adamel remuking pengkeranipun Kanjeng Nabi, tuwin prihatosipun Kanjeng Nabi ingkang sanget, mrihatosaken sagung para manusa, sampun kabirat déning paparingipun Pangéran wahyu dhateng panjenenganipun. Sajatosipun surat punika sasambetan rapet kaliyan surat ingkang sampun, awit kakalihipun sami déné anedahaken bilih Kanjeng Nabi nandhang prihatos ingkang sakalangkung sanget margi risakipun sagung para manusa, sarta wahyuning Pangéran, ingkang wasananipun nuntun astanipun Kanjeng Nabi, nedahaken lampahipun tuwin ngicali prihatosipun ingkang sanget.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
	1 Apa Ingsun ora wus anjem-baraké dhadhanira,[2761]	أَلَمْ نَشْرَحْ لَكَ صَدْرَكَ ①

2761. Punapa tegesipun شرح الصدر utawi anjembaraken dhadha, punika saged cetha manawi dipun cocogaken kaliyan donganipun Kanjeng Nabi Musa ing 20: 25, ingkang ing ngriku inggih wonten tetembunganipun ingkang kados makaten wau inggih punika:

رب اشرح لى صدرى "Dhuh Pangéran kawula! mugi Tuwan anjembaraken dhadha kawula."

Tetembungan ingkang kados makaten punika ugi kasebut wonten ing 6: 126, tur sami tegesipun: "Mulané, sapa sing dikarsakaké déning Allah bakal katuntun ing dalan bener, Panjenengané anjembaraké dhadhané marang Islam, sarta minangka kosokwangsulipun dhawuh punika wonten sambetipun makaten: "Lan sapa sing dikarsakaké bakal kasasaraké, Panjenengané andadèkaké dhadhané rupak lan sesak." Wonten satunggaling hadits ingkang nyariyosaken bilih nalika Kanjeng Nabi taksih timur, nalika taksih dados momonganipun inyanipun Kanjeng Nabi, malaikat Jibril ambedhèl dhadhanipun Kanjeng Nabi lan masuh panggalihipun. Sahihipun hadits punika manut panliti-priksanipun Qadli taksih dados pitakenan (Rz). Nanging manut pamanggih kula dalasan panaliti-priksa wau pisan tuwuh saking kalèntu tampi, jalaran lalampahan ingkang sami plek kados makaten wau kacariyos inggih kelampahan malih nalika Kanjeng Nabi sampun kapasrahan ayahanipun Pangéran (sampun kajumenengaken rasul). Milanipun tétéla manawi lalampahan wau *kasyf*, utawi *luyut ingkang terang*, ingkang tegesipun sami plek kaliyan tegesipun anjembaraken dhadha ingkang kasebut wonten ing dhawuh-dhawuh ingkang sampun kapethik ing nginggil. AH nerangaken: "*Anjembaraken dhadha punika tegesipun nyunari dhadha kalayan kawicaksanan tuwin adamel momotipun dhadha*

Ut. *anjembaraken*	2 Lan *angènthèngaké* momotanira,	وَوَضَعْنَا عَنْكَ وِزْرَكَ ۝٢
	3 Kang angebot-eboti gegerira,[2762]	الَّذِيْٓ اَنْقَضَ ظَهْرَكَ ۝٣
Ut. *sebutanira*	4 Sarta anjunjung *kaagunganira*?[2763]	وَرَفَعْنَا لَكَ ذِكْرَكَ ۝٤

kanggé nampeni wahyu ingkang badhé dipun dhawuhaken dhateng panjenenganipun." Makaten punika paham ingkang limrah, nanging kados langkung prayogi manawi tetembungan wau dipun tegesi ingkang langkung jembar, inggih punika kajawi ingkang sampun katerangaken wau, ugi (kadamel momot kanggé) *cacampuhan anderpati ingkang badhé dipun alami déning Kanjeng Nabi salebetipun ajak-ajak ing manusa dhateng tauhid tuwin kanggé nandhang kasusahan ingkang saged ugi badhé tuwuh awit saking panganiayanipun para titiyang kafir*. Rgh inggih kados makaten wau anggènipun nerangaken, inggih punika *dipun jembaraken kalayan cahya Ilahi tuwin katentreman*. Jembaring dhadha ingkang mengku suraos kados makaten punika, wonten ing sugengipun Kanjeng Nabi ing pawingkingipun pinanggih kathah sanget conto-contonipun, kadosta: (1). Saben Kanjeng Nabi dipun kaniaya déning mengsah-mengsahipun, Kanjeng Nabi lajeng andonga nyuwunaken pangapunten mengsah-mengsahipun wau, mangka Nabi sanès-sanèsipun, kadosta Kanjeng Nabi Nuh (71: 26) tuwin Kanjeng Nabi Musa (10: 88) sami nyuwun leburing mengsah-mengsahipun. (2). Nalika sampun kelampahan panjenenganipun saged ambedhah nagari Makkah, saèstu panjenenganipun ngapunten mengsah-mengsahipun, dalasan mengsahipun ingkang ageng-ageng; pranyata punika dèrèng naté kelampahan wonten ing babad, inggih babad umum, inggih babad suci (babadipun para andika Nabi). (3). Kanjeng Nabi sakalangkung momot budipakertinipun. (4). Salebetipun nandhang cobi ingkang sakalangkung ageng, kalangkung déning sanget kasabaranipun Kanjeng Nabi, sarta panjenenganipun boten naté nglairaken tembung panggresah ingkang nandhakaken kirang sabaripun, kados déné para Nabi sanès-sanèsipun, kadosta tetembungan: *Éli, Éli, lama sabakhtani*, ingkang dipun pisambataken déning Kanjeng Nabi 'Isa. (5). Samangsa manggih babaya ingkang sakalangkung ageng, sumarahipun Kanjeng Nabi dhateng Pangéran sakalangkung sampurna lan ambabar pisani. (6). Marambah-rambah panjenenganipun mintonaken kasantosaning panggalihipun ingkang sakalangkung sanget. (7). Panjenenganipun sakalangkung mituhu lan jangkep langkep anggènipun netepi kawajibanipun ingkang mawarni-warni punika, kadosta kawajibanipun anggènipun dados guru lan juru-pitedah ruhani, ingkang yasa undhang-undhang, juru-kukum, sénapatining prang ingkang mandhégani wadyabalanipun dhateng peperangan, ratu lan ingkang ngasta pusaraning papréntahan, priya ingkang ambeg tresna dhateng ingkang garwa, rama ingkang asih dhateng putra, mitra, juru-angayomi kawigatosanipun para miskin tuwin para laré yatim, tuwin kawajibanipun manawi nindakaken prakawis sanès-sanèsipun. Cekakipun, *Kanjeng Nabi jembar dhadhanipun, punika tegesipun luhur panggalihipun*.

2762. Momotan ingkang ngawrat-awrati pengkeranipun Kanjeng Nabi, punika tegesipun sungkawanipun Kanjeng Nabi margi prihatos kados pundi anggènipun badhé ngentas umatipun saking salebeting kabodhoan lan gugon-tuhon. Kula aturi nocogaken kaliyan 26: 3: "bokmanawa sira bakal matèni awakira dhéwé marga susah jalaran dhèwèké ora padha angèstu." Dhawuh punika ugi saged mengku teges mangandikakaken sungkawanipun Kanjeng Nabi, kados pundi anggènipun badhé nyangkul sasanggèn kenabian ingkang awrat punika (Rz), (kula aturi nocogaken ugi kaliyan panyuwunipun Kanjeng Nabi Musa ing 20: 26 "Lan mugi tuwan anggampilaken tumrap kawula prakawis kawula," ingkang kaunjukaken sasarengan kaliyan nalika nyuwun kajembaraken dhadhanipun). Utawi saged mengku teges mangandikakaken anggènipun Kanjeng Nabi kareksa saking sawarnining dosa tuwin kasucèkaken saking sawarnining rereged.

Déné momotan punika tegesipun ngicali kasusahan margi prihatos, kalayan tembung *mubâlagah*, tegesipun tetembungan ingkang mawi dipun langkung-langkungi, kados déné ukara:

رفعت عنك مشقت الزيارة jawinipun: *aku wus ngilangi rekasaning jiyarah saka kowé,* sanajan boten jiyarah saèstu, dados inggih boten rekaos barang (AH).

2763. Punika piweca ingkang terang, bilih Kanjeng Nabi badhé sinengkakaken ing ngaluhur, awit

5 Lah sayekti kalawan angèl tekaning gampang.

فَإِنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا ۙ ٥

6 Sayekti kalawan angèl tekaning gampang.[2764]

إِنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا ۗ ٦

7 Mulané samangsa sira wis luwar, lah banjur nyrempenga,[2765]

فَإِذَا فَرَغْتَ فَانْصَبْ ۙ ٧

8 Lan marang Pangéranira iku mligi dadia tujunira.

وَإِلَىٰ رَبِّكَ فَارْغَبْ ٨

---

dhawuh punika kadhawuhaken nalika panjenenganipun taksih piyambakan lan boten kasumerepan ing ngakathah. Kateranganipun *dhikr* ingkang mengku teges kaagungan, mirsanana 855. Tembung *dhikr* punika dipun tegesana *panebut* pisan, meksa sami kémawon suraosipun ayat punika.

2764. Laras kaliyan dhawuhipun ayat 4, gampang ing ngriki ingkang dipun karsakaken kamenanganipun wekasan Kanjeng Nabi Suci, déné angèl, punika cobi warni-warni ingkang kasandhang déning Kanjeng Nabi nalika ing wekdal wau, sanajan dhawuh punika ugi wigatos mahyakaken angger-anggering kudrat ingkang limrah, inggih punika bilih rekaos punika mesthi dipun tut wingking ing gampil. Dhawuh pratélan punika dipun ambali kaping kalih; punika anedahaken bilih Islam badhé ngalami rekaos lan cobi ingkang ageng kaping kalih, sarta ugi kaping kalih ing wasananipun Islam badhé angsal kamenangan. Ing Quran Suci tuwin ing hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci wonten ingkang mratélakaken kalayan terang titik-titikanipun cobi tuwin rekaos ingkang badhé dipun alami déning Islam ing jaman akhir, ingkang agengipun sami kaliyan nalika jaman lahiripun. Dhawuh punika kadhawuhaken ambal kaping kalih, punika ambokmanawi kémawon mengku karsa nyebutaken prakawis wau, makaten ugi mengku karsa nyebutaken badhé kamenanganipun Islam kaliyan agami sanès-sanèsipun ing jagad.

2765. Tembung *faraga* punika sagedipun genah tegesipun kedah dipun raketi tembung sanès malih. Kadosta فرغ من الامر jawinipun *wis ludhang*, utawi *wis rampung*, *saka pagawéané*. فرغ من الامر tegesipun *wis ngrampungaké prakarané* فرغ له tegesipun *mijèkaké awaké muhung tumrap dhèwèké* (LL). Rèhning tembung *faragta* ing ayat punika boten dipun raketi tembung bangsanipun ingkang kados makaten wau, mila para mufassirin lajeng sami suka katrangan warni-warni. Sawenèh wonten ingkang negesi rampung anggènipun nindakaken *prakawis kadonyan*, sawenèhipun malih negesi rampung anggènipun *sembahyang*, sawenèhipun malih negesi rampung anggènipun nindakaken *sembahyang ingkang wajib*, lan sapiturutipun (Rz). Paham kula, luwaripun kanjeng Nabi wau *luwar saking sungkawa*, dados wangsul dhateng prakawis ingkang sampun kapangandikakaken ing ayat-ayat ingkang sampun, awit ayat-ayat wau sadaya anedahaken bilih sungkawanipun Kanjeng Nabi sampun kasirnakaken babar pisan. Milanipun, rèhning ing sapunika panjenenganipun sampun luwar saking sadaya prihatos lan sungkawanipun, panjenenganipun kadhawuhan nyarempeng ambangun umatipun sarta ngemungaken Pangéran piyambak ingkang kedah kadadosaken tujuan ingkang kaener. Tembung *fârig*, ingkang ugi ririmbagan saking tembung wau, ingkang kasebut ing 28: 10 bab ibunipun Kanjeng Nabi Musa punika ugi ateges *luwar saking sungkawa*; mirsanana 1872.

(ركوعها ١) سورة التين مكية (٩٥) (اٰياتها ٨)

SURAT 95

AT-TIN

(*Elo*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*8 ayat*)

Katerangan gerban

Saréngatipun Kanjeng Nabi Musa (ingkang mawi pasemon *Tîn – Elo –* ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika), ingkang dados aking kados déné *Tîn* ingkang kapratélakaken ing Injil, katandhing kaliyan saréngat Islam, ingkang mawi pasemon *Zaitun* (ingkang jalaran boten Wétan boten Kilèn, lisahipun badhé saged madhangi jagad ing salami-laminipun). Karsanipun surat punika, tatandhingan punika badhé kanggé anedahaken, bilih manusa punika katitahaken saged anggayuh tataraning kaluhuran ingkang inggil piyambak, janji piyambakipun purun manut lan nindakaken piwulang ingkang leres; kosokwangsulipun, piyambakipun badhé keplorod dados asor-asoring titah, manawi piyambakipun boten angsal tuntunaning piwulang ingkang leres, utawi manawi sasampunipun angsal tuntunan ingkang leres wau boten lajeng purun nglampahi. Kados makaten wau anggènipun nyebutaken dhawuh punika bab kasampurnan ingkang badhé ginayuh ing bangsa Arab ingkang remen gugon-tuhon punika lantaran Kanjeng Nabi Suci, boten prabéda lan kawontenanipun satunggaling bangsa ingkang sakalangkung asor ngantos dados réncang tumbasan ing Mesir, kadadosaken bangsa ingkang maréntah déning Kanjeng Nabi Musa. Nanging dhawuh punika ugi mengku pèpènget, bilih boten prabéda lan bangsa Bani Israil, ingkang margi boten lastantun anggènipun netepi piwulang ingkang adiluhung, ingkang sampun anjalari piyambakipun manggih kaluhuran, lajeng keplorod malih dados asor, lah makaten ugi titiyang Muslimin, boten wurung badhé nemahi nasib ingkang kados makaten wau, manawi piyambakipun boten lastantun anggènipun agogondhèlan pranataning lampah ingkang minulya, ingkang sampun anjalari piyambakipun saged anggayuh kaluhuran lan kamulyan. Surat punika kagolong panunggilanipun dhawuh ingkang tumurun nalika jaman wiwitan, kados déné surat sanès-sanèsipun nginggilipun, sanajan boten kirang-kirang pamanggih ingkang mastani bilih surat punika katurunaken ing Madinah; nanging pamanggih wau boten perlu dipun ugemi sanget-sanget, jalaran boten wonten watonipun.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
a. 2099	1 Mramanakna[a] marang elo lan marang zaitun,	وَالتِّيْنِ وَالزَّيْتُوْنِ ①
	2 Lan marang gunung Sinai,	وَطُوْرِ سِيْنِيْنَ ②
	3 Sarta marang kutha kang sinantosakaké iki.[2766]	وَهٰذَا الْبَلَدِ الْاَمِيْنِ ③

2766. *Tîn* lan *zaitun* punika pasemonipun *saréngat ingkang katurunaken ing redi Sina tuwin saréngat ingkang katurunaken ing kitha suci Makkah*. Ayat kakalih candhakipun nyethakaken bab

4 Sayekti, temen Ingsun anitahaké manusa ing dalem becik-beciking dumadi.

لَقَدْ خَلَقْنَا الْإِنْسَانَ فِي أَحْسَنِ تَقْوِيمٍ ٤

5 Banjur Ingsun balèkaké dadi asoring asor,

ثُمَّ رَدَدْنَاهُ أَسْفَلَ سَافِلِينَ ٥

6 Kajaba kang padha angèstu lan anindakaké panggawé becik, amarga iku bakal olèh ganjaran kang tanpa pedhot.[2767]

إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ فَلَهُمْ أَجْرٌ غَيْرُ مَمْنُونٍ ٦

prakawis punika. Kedah dipun pèngeti bilih Kanjeng Nabi Muhammad katandhing kaliyan Kanjeng Nabi Musa punika sampun kasebutaken wonten ing dhawuh-dhawuh ingkang tumurun ing jaman wiwitan sanget, kadosta dhawuh punika tuwin dhawuh ing 52: 1-6 lan 73: 15. Sadaya para mufassir Bébel sami angakeni, bilih wit *tîn* punika dados pasemonipun saréngat Yahudi, sarta inggih punika maksudipun Kanjeng Nabi ‘Isa nglaknati wit *tîn* ingkang lajeng dados aking punika. Yèn ta boten mengku teges makaten punika, lalampahan wau nama lalampahan ingkang boten saged dipun terangaken kajengipun. Kacariyosaken wonten ing Mat. 21: 19, bilih ing satunggaling dinten, wanci énjing uthuk-uthuk, Kanjeng Nabi ‘Isa rawuh saking Betani; nalika punika panjenenganipun keraos ngelih, mila lajeng marepeki satunggaling wit *tîn* perlu badhé metiki wohipun. Nalika panjenenganipun mirsa bilih wit wau boten wonten punapa-punapanipun kajawi namung ronipun, panjenenganipun lajeng nglaknati wit wau, sami sanalika wit wau lajeng garing. Dalasan para mufassir Bébel sami angakeni, bilih lekasipun Kanjeng Nabi ‘Isa wau ateges anggènipun angemohi para titiyang Yahudi. Pancèn tindakipun Kanjeng Nabi ‘Isa wau mengku teges, bilih para titiyang Yahudi punika serupi kaliyan wit *tîn*, wonten godhongipun nanging boten wonten wohipun; malah dalasan ronipun wau pisan, ingkang tumrap para titiyang Yahudi dados pasemoning pandamelipun lahir bangsa pangibadah, ing sapunika inggih garing. Anggènipun angemohi titiyang Yahudi wau kasebutaken langkung cetha déning Kanjeng Nabi ‘Isa wonten ing dalem sanépanipun pakebonan anggur (Mat. 21: 33), ingkang pinungkasan ing dhawuh: “Karatoning Allah bakal pinundhut saka ing kowé, banjur kaparingaké marang sawijining bangsa kang angetokaké wohé” (Mat. 21: 43). Dhawuh sabdanipun Quran Suci mangandikani kula sami, bilih “bangsa kang angetokaké wohé” wau kaum Muslimin. Prayogi dipun terangaken pisan bilih Nabi Yeremiyah ugi nyanépakaken bangsa Yahudi kados déné woh *tîn* kalih wakul, woh *tîn* ingkang saé ateges para tulus ing antawisipun bangsa Yahudi, woh *tîn* ingkang awon ateges para duraka (Yer. Bab 24).

Wondéné wit *zaitun*, sampun genah sawenèh tafsir Bébel mastani manawi ugi dados pasemonipun bangsa Yahudi. Nanging Quran Suci wonten ing ngriki ngagem wit *zaitun* wau dados pasemonipun saréngatipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. Sarta bab punika wonten ing satunggaling dhawuh ingkang tumurunipun langkung kantun dipun terangaken saha dipun cethakaken “sanépané papadhangé kaya déné cagak kang ing dhuwuré ana damaré, damar iku ana ing sajroning gedah, gedahé iki kaya déné lintang kang gumebyar, diurubaké asal saka ing wit zaitun kang binarkahan, ora wétanan lan ora kulonan” (24: 35). Ing ngriki kalayan terang Islam kawarna kadi déné wit zaitun, awit saking punika lisahipun inggih kedah kaanggep dados pasemonipun Islam.

Tatandhingan punika anedahaken, bilih angger-angger (saréngat) ingkang katurunaken ing redi Sina punika sampun pejah, kados déné wit *tîn* ing sanépanipun Kanjeng Nabi ‘Isa, nanging papadhang anyar, ingkang kaurubaken saking wit zaitun ingkang binarkahan, boten saged pejah ing salami-laminipun, jalaran papadhang wau boten kagolong étan lan boten kagolong kilèn, wangsul kakarsakaken kanggé sadaya manusa tumrap sadaya jaman, wangsul saréngat Musa kawatesan ing wekdal lan panggènan. Dados ing dhawuh punika wonten isyarah utawi sasmita bab kautusipun Kanjeng Nabi kanggé ing sajagad.

2767. Angsal-angsalanipun nglimbang-nglimbang ing kautusipun Kanjeng Nabi Musa lan kautusipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. punika namung sawarni, satunggal, inggih punika angsal

7 Lah sawisé (iki) sapa kang bisa maido marang sira prakara putusan?	فَمَا يُكَذِّبُكَ بَعْدُ بِالدِّيْنِ ۞
8 Apa Allah iku dudu becik-beciking juru-hukum?[2768]	اَلَيْسَ اللّٰهُ بِاَحْكَمِ الْحٰكِمِيْنَ ۞

pupuntoning pamanggih, bilih manusa punika titah ingkang sakalangkung saé piyambak; terangipun: tumitahing manusa punika kinanthènan ing kasantikan utawi kakiyatan ingkang langkung ing sasamining tumitah kanggé sarananing majeng-majengipun. Nanging manusa inggih saged ngloropaken awakipun piyambak, ngantos dados asoring asor, kados déné para manembah-brahala, ngantos purun sujud dhateng barang-barang pejah kadosta séla, utawi kados déné titiyang Israil, ngantos purun nglirwakaken dhawuh-dhawuh ingkang kaparingaken dhateng piyambakipun lumantar Nabi-Nabi. Sadaya para Nabi wiwit Kanjeng Nabi Musa dumugi Kanjeng Nabi 'Isa, tuwin Kanjeng Nabi Suci Muhammad, sami migatosaken sanget bilih manut miturut dhawuhipun Pangéran punika tuking kaluhuranipun manusa ingkang sajati. Dhawuh punika ngemot angger-angger ingkang umum tumrap kamajenganipun manusa saha piweca bab tataraning kasampurnan ingkang sakalangkung inggil, ingkang badhé dipun gayuh déning bangsa Arab lantaran Kanjeng Nabi Suci, punapa déné nasib ingkang badhé dipun sandhang déning para mengsah ing Makkah, ingkang badhé dipun dadosaken asor lan ina wonten ing nagari-nipun, manawi boten sami purun nanggapi pangajakipun Kanjeng Nabi. Nge-mungaken gambaring pangangen-angen ingkang kajèrèng sacara okol-okolan kémawon, ingkang saged numrapaken dhawuh punika dhateng bab prakawis dhumawahipun Adam ing dosa tuwin angsal-angsalaning anggènipun dhumawah ing dosa. Katundhungipun Adam saking suwarga punika boten saged winastan asoring asor, sarta wontenipun barang ingkang dipun kajawèkaken, inggih punika para angèstu, punika anedahaken bilih dhawuh punika wigatos anyebutaken kawontenanipun limrah para manusa.

2768. Ayat kakalih punika lan nginggilipun saayat, punika wigatos anyebutaken pancasanipun Pangéran ingkang calon badhé dhumawah dhateng para ingkang sami ngemohi ing Kanjeng Nabi. Pancasan wau pancasanipun tiyang duraka tumrap wonten ing gesang sapunika punika tuwin tumrap gesang ing bénjing.

اٰيَاتُهَا ١٩ — سُوْرَةُ الْعَلَقِ مَكِّيَّةٌ (٩٦) — رُكُوْعُهَا ١

SURAT 96

AL-’ALAQ

(*Rah anjendhel*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*19 ayat*)

Katerangan gerban

Umum angakeni bilih gangsal ayat ingkang wiwitan ing surat punika wahyuning Pangéran ingkang katampi déning Kanjeng Nabi Suci rumiyin piyambak. Nanging ing tatananing urut-urutanipun surat, dhawuh punika kapapanaken wonten ing panggènanipun samangké punika. Déné sababipun, awit surat-surat ingkang sampun, punika migatosaken kasampurnan lan kaluhuran ingkang badhé dipun gayuh ing Kanjeng Nabi, tuwin kasampurnan lan kaluhuran ingkang badhé dipun gayuh déning pandhèrèkipun lumantar panjenenganipun – inggih punika gagayuhan ingkang boten saged dipun gayuh déning ikhtiyaripun manusa piyambak. Milanipun, dhawuhipun ingkang wiwitan surat punika andhawuhaken dhateng panjenenganipun, supados nyuwun pitulungipun Pangéran. Surat punika kasebut *Rah anjendhel* margi wontenipun pratélan ing ayat angka kalih, bilih Allah anitahaken manusa saking rah anjendhel, ingkang mengku sasmita, bilih boten prabéda lan kawujudanipun manusa ingkang éndah punika tuwuh saking asal kamulan ingkang ina, lah makaten ugi Kanjeng Nabi Suci, saking kawontenanipun ingkang asor, badhé jinunjung anglenggahi kaluhuran ingkang sakalangkung inggil.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
	1 Macaa kalawan asmaning Pangéranira, Kang anitahaké.[2769]	اِقْرَاْ بِاسْمِ رَبِّكَ الَّذِيْ خَلَقَ ۝١
Ut. *katres-nan*	2 Panjenengané anitahaké manusa saka *getih-anjendhel*.[2770]	خَلَقَ الْاِنْسَانَ مِنْ عَلَقٍ ۝٢

2769. Awawaton Bkh tuwin hadits sanès-sanèsipun ingkang kénging pinitados, sadaya sampun sami sarujuk amastani, bilih gangsal ayat ingkang wiwitan ing surat punika wahyu ingkang rumiyin piyambak katurunaken dhateng Kanjeng Nabi wonten ing guwa Hira’, nadyan inggih wonten ingkang mastani bilih surat Fatihah tumurun langkung rumiyin, utawi ayat-ayat ing wiwitaning surat ingkang angka 74 punika wahyu ingkang tumurun rumiyin piyambak. Pratélan ingkang angka kalih punika sampun katerangaken lepatipun wonten ing purwakanipun surat 74, déné pratélan ingkang sapisan (ingkang mastani surat Fatihah wahyu ingkang tumurun rumiyin piyambak), punika inggih boten kiyat waton-watonipun.

Dhawuh ingkang mungel *kalawan asmaning Pangéranira* punika tegesipun *kalawan pitulunging Pangéranira*. Kawontenan-kawontenan ingkang nyartani tumurunipun wahyu ingkang sapisan punika, kasebut wonten ing hadits-hadits ingkang kénging pinitados. Miturut hadits-hadits wau, wangsulanipun Kanjeng Nabi ingkang wiwitan dhateng malaikat ingkang ngampil dhawuh punika, inggih punika bilih panjenenganipan boten saged maos. Punika nandhakaken kalayan tanpa wonten semang-semangipun malih, bilih Kanjeng Nabi punika pranyata boten saged maos lan boten saged nyerat.

2770. ‘*Alaq* punika tegesipun *getih anjendhel* lan ugi ateges *sih lan katresnan* (TA-LL). Teges

3 Macaa, lan Pangéranira iku Ingkang-Mahamulya,[2771]	اِقْرَاْ وَرَبُّكَ الْاَكْرَمُ ۙ ۝٣
4 Kang mulang (nulis marang manusa) kalawan qalam,[2772]	الَّذِىْ عَلَّمَ بِالْقَلَمِ ۙ ۝٤
5 Mulang marang manusa apa kang durung weruh.	عَلَّمَ الْاِنْسَانَ مَا لَمْ يَعْلَمْ ؕ ۝٥
6 O, sayekti manusa iku ambalasar temenan,	كَلَّاۤ اِنَّ الْاِنْسَانَ لَيَطْغٰۤى ۙ ۝٦
7 Déné teka rumasané awaké ora butuh.[2773]	اَنْ رَّاٰهُ اسْتَغْنٰى ؕ ۝٧

ingkang rumiyin (getih anjendhel) punika ingkang kelimrah dipun anggé negesi, awit ing panggènan sanès-sanèsipun ing Quran Suci wonten ingkang nyebutaken *'alaqah* tumrap tumitahipun manusa. Dipun tegesi makaten punika boten wonten pakèwedipun, awit punika anedahaken bilih asal kamulanipun manusa punika sepélé, salajengipun nyasmitakaken bilih saking asal asor Kanjeng Nabi badhé jinunjung ing ngaluhur. Teges satunggalipun wau ugi kula pèngeti wonten ing margin. Wonten satunggaling hadits ingkang nerangaken bilih Allah Ingkang-Mahaluhur ngandika: *Ingsun remen yèn ta kasumurupana, mulané Ingsun anitahaké manusa*. Dados tumitahipun manusa, utawi ingkang langkung trep: tumitahipun manusa sampurna, kalayan manut citraning Pangéran, punika awit saking sifatipun Pangéran *Mahatresna*. Sifat punika dados tatalesipun ngélmu tasawwuf Islam. Pamanggih kula, *manusa* punika mengku sasmita ingkang mligi: *Manusa sampurna*, utawi Kanjeng Nabi.

2771. Kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing katrangan angka 5, *Rabb* punika Ingkang-Ngitik-itik; rèhning makaten mila tiyang utawi barang saged anggayuh tataran saking ngandhap dumugi nginggil, minggah-minggah, ngantos dumugi pantoging kasampurnanipun. Dados ing dalem dhawuh وَرَبُّكَ الْاَكْرَمُ punika mengku isyarah ingkang nyasmitani pucaking kamulyan tuwin kaluhuran ingkang kakarsakaken calon badhé dipun gayuh déning Kanjeng Nabi.

2772. *Kalam* kasebutaken wonten ing dhawuh ingkang katurunaken dhateng Kanjeng Nabi ingkang rumiyin piyambak, punika mengku teges ingkang lebet, inggih punika kanggé anedahaken bilih Kanjeng Nabi Suci badhé ngalami manawi *kalam* punika "dados babantu ingkang kiyat kanggé mencaraken ngélmu bab kasawijènipun Pangéran" (Rodwell). Kajawi punika ugi mengku suraos bilih *kalam* punika badhé dipun pigunakakaken kalayan mligi kanggé ngreksa wahyuning Pangéran ingkang badhé dipun turunaken dhateng Kanjeng Nabi – utawi kanggé ngreksa barang ingkang dèrèng naté dipun ngertosi ing sadèrèng-dèrèngipun déning tiyang sampurna, ingkang ing sapunika kinarsakaken badhé dipun paringi piwulang (ayat 5). Nyata, *kalam* punika boten sakedhik lalabetanipun tumrap sumiyaripun Islam, makaten ugi tumrap kanggé rumeksa Quran saking sawarnining karisakan. *Nyerat* lan *kalam* asring dipun sebutaken wonten ing Quran Suci, langkung-langkung gagandhèngan kaliyan wahyuning Pangéran ingkang kaampil déning Kanjeng Nabi Suci, punika angéram-éramaken sanget, manawi angèngeti, bilih migunakaken seratan punika boten namung nama langka kémawon wonten ing jazirah Arab, nanging dalasan tiyang ingkang andhawuhaken sabda wau piyambak, boten saged nyerat lan boten saged maos.

2773. Wiwit dhawuh punika dumugi telas-telasanipun surat déning sawenèh hadits dipun tumrapaken dhateng Abu Jahl, jalaran inggih piyambakipun punika tiyang ingkang ngawisi Kanjeng Nabi sembahyang wonten ing sacelakipun Ka'bah. Nanging kados déné ingkang sampun katerangaken wonten ing panggènanipun dhawuh-dhawuh ingkang kados makaten punika, dhawuh ingkang mengku suraos umum. Boten saged winatesan namung tumrap sawenèh tiyang ingkang sampun katamtokaken. Sampun boten wonten semang-semangipun malih Abu Jahl punika pancèn dados conto ingkang melok, ingkang anggambaraken tiyang ingkang sisifatanipun katerangaken wonten ing dhawuh punika, awit

8 Sayekti, marang Pangéranira bali iku.	إِنَّ إِلَىٰ رَبِّكَ الرُّجْعَىٰ ٨
9 Apa sira weruh wong kang menging,	أَرَأَيْتَ الَّذِي يَنْهَىٰ ٩
10 Sawijining abdi samangsa salat?[2774]	عَبْدًا إِذَا صَلَّىٰ ١٠
11 Apa sira weruh, yèn dhèwèké iku ana ing dalan bener,	أَرَأَيْتَ إِن كَانَ عَلَى الْهُدَىٰ ١١
12 Utawa akon njaga diri (saka ing ala)?	أَوْ أَمَرَ بِالتَّقْوَىٰ ١٢
13 Apa sira weruh, yèn dhèwèké iku anggorohaké lan maléngos?	أَرَأَيْتَ إِن كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰ ١٣
14 Apa dhèwèké ora weruh, yèn Allah iku amirsani?	أَلَمْ يَعْلَم بِأَنَّ اللَّهَ يَرَىٰ ١٤
15 O, manawa dhèwèké ora marèni, masthi bakal Ingsun tangani bathuké,[2775]	كَلَّا لَئِن لَّمْ يَنتَهِ لَنَسْفَعًا بِالنَّاصِيَةِ ١٥
16 Babathuk doracara, babathuk dosa.	نَاصِيَةٍ كَاذِبَةٍ خَاطِئَةٍ ١٦
17 Lah dimèn dhèwèké anekak-aké rowangé rerembugan,	فَلْيَدْعُ نَادِيَهُ ١٧
18 Ingsun iya bakal anekakaké para prajurit suraya.[2776]	سَنَدْعُ الزَّبَانِيَةَ ١٨

piyambakipun punika panuntuning mengsahipun Kanjeng Nabi ing Makkah, sarta kawusananipun Abu Jahl wau dados tepa tuladha tumrap sadaya panuntun awon tuwin panuntun damel wisuna.

2774. Ing dalem dhawuh ingkang boten winatesan sinten ingkang katuju punika mengku sasmita ingkang mligi dhateng Kanjeng Nabi.

2775. Bathukipun para panuntun Quraisy ingkang sami mengsahi Kanjeng Nabi, Abu Jahl kalebet èwonipun, sami kapupuh nalika prang Badr.

2776. *An-nâdi* tegesipun *al-majlis*, jawinipun *parepatan*. *Dâru-n-nadwah* ing Makkah (ugi asal saking tembung *nada*) punika namanipun balé agungipun bangsa Arab, dipun anggé papanipun para pinisepuh sami parepatan perlu ngrembag prakawis ingkang wigatos-wigatos, ingkang magepokan kaliyan bangsa Arab ing sageblengipun, prakawis perang lan sapanunggilanipun. Rz anggancaraken فَلْيَدْعُ نَادِيَهُ makaten *Tumplaken dadi siji wong-wong kang koanggep mulya lan bisa nandhingi, supaya mitulungi sira*. *Zabâniyah* punika "tumrap bangsa Arab nalika kina," ateges *syurath*

كَلَّا ۚ لَا تُطِعْهُ وَاسْجُدْ وَاقْتَرِبْ ۩ ﴿١٩﴾

19 O, aja sira manut dhèwèké, sarta sumujuda tuwin mareka (ing
a. 978 Allah).[a]

(LL, makaten ugi Kf, Bd, Rz), "ingkang manut suraosipun ing kina kanggé anembungaken para prajurit prawira, utawi manut suraosipun ing jaman ingkang kantun-kantun kanggé nembungaken para pangiringipun pangageng pulisi ingkang sami asikep dadamel (S). Punika tegesipun ingkang sakawit (LL). Dados ayat kakalih punika kalayan terang mangandikakaken peperangan, ingkang ing ngriku fihak kalih-kalihipun sami badhé ngedalaken titiyangipun ingkang kiyat-kiyat supados sami ngaben tiyasa. *Zabâniyah* dipun tegesana *malaikating siksa*, meksa mathuk tumrap ing alam kakalih, inggih punika wonten ing gesang sapunika punika tuwin ing akhirat. Rz nerangaken: "kacariyos punika piweca saking Allah bilih piyambakipun wonten ing donya punika badhé dipun glandhang kados déné segawon, sarta piyambakipun nyata sampun angsal siksa makaten wau nalika wonten ing prang Badr; kacariyos malih bilih dhawuh punika piweca bilih bénjing ing akhirat malaikating siksa badhé angglandhang piyambakipun dhateng naraka." Ugi kacariyosaken bilih ing satunggaling wekdal Abu Jahl naté umuk sarwi nantang Kanjeng Nabi Suci: وما بالوادى اكبرناديا منى "Lan ing jujurang ora ana wong kang duwé parepatan kang gedhé saliyané aku." Salajengipun kacariyosaken bilih dhawuh ing ayat 17 punika mengku suraos nuju prakawis punika (AH), ingkang ugi lajeng murugaken dhawuh panantang punika mathuk kanggé tumrap ing gesang sapunika punika.

آياتها ٥ سُورَةُ الْقَدْرِ مَكِّيَّةٌ (٩٧) ركوعها ١

SURAT 97

AL-QADR

(*Kaagungan*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*5 ayat*)

Katerangan gerban

Wahyu Quran ingkang katurunaken rumiyin piyambak, ingkang kasebut wonten ing surat ingkang sampun, mathis sanget menggah ing urut-urutanipun dipun sambeti ing surat ingkang ngandharaken nalika wahyu Quran wiwit katurunaken. Daluning kaagungan (salah satunggalipun dalu sadasa ing wekasanipun wulan Ramadlan), punika ingkang neksèni rumiyin piyambak sumoroting papadhang ingkang pinasthi badhé nyunari saindhenging jagad. Tumurunipun wahyu ingkang rumiyin piyambak wonten ing daluning *Kaagungan*, ingkang salajengipun kagem namakaken surat punika, punika mengku pitedah bilih wahyuning Pangéran ingkang minulya piyambak, ing samangké sampun katurunaken dhateng ngalam donya, sarta kaagunganing wahyunipun Pangéran punika punapa déné kaagunganipun ingkang nampèni wahyu wau, mesthi badhé kajumenengaken wonten ing jagad punika. Surat punika sampun genah kalebet éwonipun dhawuh ingkang tumurun nalika jaman wiwitan sanget.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
1 Sayekti, iku anggon-Ingsun anurunaké ana ing wengi kang agung.[2777]	إِنَّآ أَنْزَلْنٰهُ فِيْ لَيْلَةِ الْقَدْرِ ۝١

2777. *Lailatu-l-qadr*, ingkang kula jarwani *wengi kang agung*, lan ingkang wantahipun ateges *bengining kaagungan* utawi *kaluhuran*, punika satunggaling dalu ingkang misuwur ing wulan Ramadlan, inggih punika dalunipun wulan Ramadlan wau ingkang kaping 21, utawi 23, utawi 25, utawi 27, utawi 29, utawi saged ugi ingkang langkung cepak salah satunggalipun dalu titiga ingkang kasebut kantun piyambak wau ing 44: 3 dalu wau kasebut wengi kang binarkahan. Nitik dhawuh ing 2: 185, tétéla bilih Quran Suci punika katurunaken ing wulan Ramadlan, sarta nitik dhawuh ing nginggil punika, tétéla manawi tumurunipun wau ing *wanci dalu ingkang agung*. "Tumurun" punika mesthi kémawon ateges "tumurunipun ingkang rumiyin piyambak," awit kitab Quran ing sagemblengipun, punika anggènipun katurunaken sapérangan-sapérangan ing salebetipun wekdal tigalikur taun. Déné tembung "Quran" punika kénging kanggé mastani sapérangan utawi sagemblengipun kitab. Inggih awit saking punika déné *i'tikâf*, utawi mempen wonten ing masjid, punika kadhawuhaken wonten ing sadasa dinten ing wekasaning wulan Ramadlan. Menggah ing sajatos-jatosipun, wigatosipun *lailatu-l-qadr* punika kabekta saking dalu wau dalu tumurunipun ing jagad wahyuning Pangéran ingkang sakalangkung sampurna piyambak tuwin sakalangkung binarkahan piyambak. Kanjeng Nabi Musa siyam kawandasa dinten sadèrèngipun tampi wahyu (Pangentasan 24: 18), lan Kanjeng Nabi 'Isa inggih siyam kawandasa dinten sadèrènging panjenenganipun kajumenengaken dados Nabi (Mat. 4: 2), punika anedahaken bilih tumurunipun wahyu punika sinartan siyam; awit saking punika saben taun titiyang Muslimin kadhawuhan siyam tigangdasa dinten, sarta nugrahanipun Pangéran ingkang mirunggan

2 Lan apa kang mangertèkaké sira, wengi kang agung iku apa?	وَمَآ أَدْرٰىكَ مَا لَيْلَةُ الْقَدْرِ ﴿٢﴾
3 Wengi kang agung iku luwih becik tinimbang sèwu sasi.[2778]	لَيْلَةُ الْقَدْرِ خَيْرٌ مِّنْ أَلْفِ شَهْرٍ ﴿٣﴾
4 Ing kono para malaikat sarta ruh padha tumurun kalawan idining Pangérané, tumrap sarupaning prakara,[2779]	تَنَزَّلُ الْمَلٰٓئِكَةُ وَالرُّوحُ فِيهَا بِإِذْنِ رَبِّهِمْ مِّنْ كُلِّ أَمْرٍ ﴿٤﴾
5 Rahayu! iku nganti tumeka metuning gagat bangun.[2780]	سَلٰمٌ هِيَ حَتّٰى مَطْلَعِ الْفَجْرِ ﴿٥﴾

kajanjèkaken dhateng titiyang Muslimin badhé dipun paringaken wonten ing dinten-dintenipun siyam ingkang wekasan.

Nanging *lailatu-l-qadr* punika mengku teges sanèsipun malih ingkang lebet. Rawuhipun satunggaling Nabi punika limrahipun wonten ing jaman peteng; inggih awit saking punika mila ing Quran Suci jaman wau asring kasanépakaken dalu. Nanging rèhning ing salebetipun pepeteng punika wonten nugrahaning Pangéran ingkang tumurun, awujud utusanipun Pangéran, mila dadosipun dalu wau dalu ingkang binarkahan lan linuhung. Dados, jaman rawuhipun satunggaling rasul utusanipun Pangéran, punika sacara ngibarat kénging kawastanan *lailatu-l-qadr*. Ing 44: 3 dalu wau pinasti dados *dalu ingkang binarkahan*, tur kinanthèn ing dhawuh pratélan bilih ing ngriku "sarupaning prakara kawicaksanan sinilahaké," punika anedahaken kalayan terang, bilih tegesipun ingkang satunggal tembung wau, punika adhadhasar dhawuhipun Quran Suci piyambak, awit inggih salebetipun wekdal rawuhipun Nabi wau, kawicaksanan sajati kajumenengaken kalayan pratéla.

2778. Sèwu wulan punika kirang langkung sami kaliyan 83 taun, jangkepipun saabad kirang 17 taun. Wonten hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang mangandikakaken, bilih ing saben wiwitaning abad badhé wonten Mujaddid, utawi juru-pambangun, ingkang rawuh wonten ing antawisipun kaum Muslimin. Tegesipun ingkang langkung lebet *lailatu-l-qadr* ingkang sampun katerangaken wonten ing katrangan ingkang sampun, dipun kiyataken malih déning kawontenanipun juru-pambangun wau, ingkang ing salebetipun kawontenan limrah, makarya ngantos watawis kalihdasanan taun laminipun, awit saking punika dados wekdal punika langkung saé lan langkung migunani manawi katimbang kaliyan kakantunanipun ingkang wolungdasa taun, ingkang boten karawuhan juru-pambangun.

2779. Para malaikat lan "ruh" sami tumurun, punika ugi anedahaken bilih *lailatu-l-qadr* punika mengku teges ingkang langkung lebet malih, awit sanajan inggih saged ugi satunggaling dalu ing wulan Ramadlan kapiji ing nugrahanipun Pangéran ingkang ageng, "para malaikat lan ruh" tumurun saking langit, punika langkung mligi magepokan kaliyan ayahanipun satunggaling tiyang ingkang katimbalan ing Pangéran ingandikakaken ambangun jagad, jalaran inggih kados makaten punika Allah anggènipun mitulungi pakaryanipun tiyang pipilihan-Ipun wau. Déné katerangan tegesipun ruh, mirsanana 653, 2181.

2780. "Rahayu," punika sisifatanipun ingkang miyambaki *lailatu-l-qadr* ingkang baku piyambak. Rahayu punika tumedhak dhateng manahipun para ingkang sami bekti tur ingkang sajati, awujud katentremanipun manah, ingkang lajeng mahanani para titiyang wau pantes tampi nugrahanipun Pangéran. Teterusan "nganti tumeka metuning gagat-bangun," punika sampun terang sanget manawi "dalu" wau dipun suraos wantah. Déné manawi boten katampi walaka, gagat bangun punika ateges juru-pambangun sampun ngajengaken badhé séda, inggih punika duk kalanipun yakti lir péndah papadhanging raina, sampun gumelar cetha awéla-wéla.

اٰيَاتُهَا ٨ سُوْرَةُ الْبَيِّنَةِ مَكِّيَّةٌ (٩٨) رُكُوْعُهَا ١

SURAT 98

AL-BAYYINAH

(*Pasaksèn Ingkang Terang*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*8 ayat*)

Katerangan gerban

Rèhning sami-sami wahyuning Pangéran wahyu ingkang katampi déning Kanjeng Nabi punika wahyu ingkang kinawasa piyambak, mila wonten ing ngriki panjenenganipun kasebut *Pasaksèn ingkang terang* (ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika), inggih punika ingkang anyilahaken antawising yakti lan panggorohan (leres lan lepat), awit kados déné ingkang kacetha wonten ing surat punika, wahyu ingkang katampi déning Panjenenganipun wau mengku sadaya piwulangipun ingkang murni tuwin enggel kitab suci ingkang rumiyin-rumiyin. Saged ugi dhawuh punika sanès èwonipun dhawuh ingkang tumurun ing jaman wiwitan, nanging kados sampun boten wonten semang-semangipun malih, bilih dhawuh punika katurunaken ing Makkah, makaten pamanggihipun ngulami ingkang sabagéan kathah.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝

1 Para kang padha kafir saka golongané pandhèrèking kitab sarta (saka golonganing) para musyrik ora bisa pilah nganti tekaning tandha yekti marang dhèwèké:[2781]

لَمْ يَكُنِ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ وَالْمُشْرِكِيْنَ مُنْفَكِّيْنَ حَتّٰى تَأْتِيَهُمُ الْبَيِّنَةُ ۝١

2781. Dhawuh punika wonten angèlipun tumrap ing tembung *munfakkîn*, ingkang limrahipun mesthi dipun raketi ing tembung ingkang dados lésanipun *pipilahan* ingkang kapangandikakaken. Upaminipun ukara انفك الشئ من الشئ jawinipun: *barang iki pilah karo barang* (*sijiné*), tuwin ukara انفككت منك jawinipun: *aku pipisahan karo kowé* (TA-LL). Para mufassirin sami pakèwed anggènipun badhé ngisèni ukara ingkang boten kasebutaken wau, sarta limrahipun sami gadhah pamanggih bilih sambetipun tembung *munfakkîn* punika tembung عن كفرهم *saka kakafirané*.

Nanging punika ugi nukulaken pakèwed-pakèwed énggal (Rz). Menggah ing sajatos-jatosipun, boten prabéda lan sadaya ayatipun Quran Suci ingkang wonten ukaranipun ingkang boten dipun sebutaken, ukara kakiranganipun wau sampun dipun sasmitakaken wonten ing suraosing dhawuh. *Kang padha kafir saka golongané pandhèrèking kitab sarta saka golongané para musyrik*, punika sampun cetha manawi nyasmitakaken titiyang kalih golongan, inggih punika *tiyang ingkang kafir dhateng Kanjeng Nabi Suci* sarta *tiyang ingkang angèstu ing panjenenganipun*; sarta tumrap ingkang kados makaten wau, namung kasebutaken satunggal punika sampun cekap. Titiyang saé utawi para angèstu

2 Utusan saka ing Allah, kang maca lembaran-lembaran suci,[2782]

رَسُولٌ مِّنَ اللَّهِ يَتْلُوا صُحُفًا مُّطَهَّرَةً ﴿٢﴾

3 Ing jeroné iki (ngemot sakèhing) kitab kang bener.[2783]

فِيهَا كُتُبٌ قَيِّمَةٌ ﴿٣﴾

4 Lan para kang wis kaparingan kitab, ora pecah belah, kajaba sawisé tandha yekti tumeka marang dhèwèké.[2784]

وَمَا تَفَرَّقَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتٰبَ إِلَّا مِنْ بَعْدِ مَا جَآءَتْهُمُ الْبَيِّنَةُ ﴿٤﴾

5 Lan dhèwèké iku ora diparéntahi apa-apa kajaba laladi ing Allah, tuhu-tuhu pambangun-turuté marang Panjenengané, tulus, sarta anjumenengaké salat, apa déné awéh zakat, lan mangkono iku agama kang bener.

وَمَآ أُمِرُوٓا إِلَّا لِيَعْبُدُوا اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ ۙ حُنَفَآءَ وَيُقِيمُوا الصَّلٰوةَ وَيُؤْتُوا الزَّكٰوةَ وَذٰلِكَ دِينُ الْقَيِّمَةِ ﴿٥﴾

lan titiyang awon inggih punika titiyang kafir, boten saged kapilah-pilahaken, manawi Juru-anyilahaken – *al-bayyinah* utawi pasaksèn ingkang terang – dèrèng rawuh. Déné *bayyinah* punika punapa, katerangaken wonten ing ayat candhakipun, inggih punika: *utusan saking Allah*.

2782 . Kedah dipun pèngeti bilih utusan, punika wonten ing ngriki katerangaken manawi maos lembaran-lembaran suci, dados punika anedahaken kalayan terang bilih Quran punika nalika jaman tumurunipun surat punika sampun dipun serat. Lah manawi wahyuning Pangéran ingkang tumurun ing jaman wiwitan sampun dipun serat kalayan ajeg punika lajeng dados pasaksèn bilih wahyuning Pangéran ingkang tumurun ing jaman ingkang kantun-kantun mesthi inggih lajeng dipun serati.

2783. *Kutub*, *jama'*-ipun tembung *kitâb*, punika tegesipun pranatan utawi serat. Teges ingkang pundi kémawon ingkang dipun anggé, sami kémawon suraosipun dhawuh punika, inggih punika bilih sadaya pitedah leres ingkang pinanggih wonten ing sadhéngah kitab sanès-sanèsipun ingkang asli wahyuning Pangéran, punika mesthi kamot wonten ing Quran Suci, makaten ugi ingkang dèrèng naté kawahyokaken ing sadèrèng-dèrèngipun, nanging ingkang perlu sanget kanggé anuntun manusa, ugi kamot wonten ing Quran Suci. Dados, kitab Quran angundhangaken manawi mengku sadaya bab ingkang saé-saé, ingkang pinanggih wonten ing kitab suci sanès-sanèsipun, sarta malih anjangkepi kakiranganipun. Tembung *kutub* dipun raketi tembung *qayyimah*, ingkang jawinipun *kang bener*, punika kanggé anedahaken bilih kitab suci Quran punika suci saking sawarnining lepat kados ingkang pinanggih wonten ing kitab suci sanès-sanèsipun wau. Makaten ugi tembung *muthahharah* (kanggé nyifati Quran), ingkang tegesipun مطهرة عن الباطل jawinipun *sinucèkaké saka panggorohan* (Rz), punika ugi mengku maksud makaten wau.

2784. Pepecahan dados pinten-pinten golongan ingkang kasebutaken ing ngriki, punika mengku maksud sami kados déné ingkang kapangandikakaken ing ayat 1, utawi mengku maksud, bilih pandhèrèking kitab ing jaman kina pecah-pecah dados pinten-pinten golongan, sawenèh purun nampèni, sawenèhipum angemohi, sawenèh manut miturut ing kasaénan, sawenèhipun manut ing awon, ngantos manawi sampun karawuhan ing tandhayekti ingkang cetha. Dados dhawuh punika wigatos mangandikakaken, bilih pilihanipun awon lan saé, punika kelampahanipun mesthi ing sasampunipun wonten juru-milahaken ingkang rawuh sarta bilih barang ingkang ing samangké kelampahan, punika ugi naté kelampahan ing sadèrèngipun, inggih punika nalika para andika rasul rawuh wonten ing antawisipun para pandhèrèking kitab.

6 Sayekti, para kang kafir saka golongané pandhèrèking kitab sarta (saka golongané) para musyrik, iku padha ana ing geni naraka, manggon ana ing kono; yaiku ala-alaning manusa.

إِنَّ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا مِنْ أَهْلِ الْكِتٰبِ
وَالْمُشْرِكِيْنَ فِيْ نَارِ جَهَنَّمَ خٰلِدِيْنَ
فِيْهَا ۗ أُولٰٓئِكَ هُمْ شَرُّ الْبَرِيَّةِ ﴿٦﴾

7 Déné para kang padha angèstu lan anindakaké panggawé becik, yaiku becik-beciking manusa.

إِنَّ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ ۙ
أُولٰٓئِكَ هُمْ خَيْرُ الْبَرِيَّةِ ﴿٧﴾

8 Ganjarané ana ngarsaning Pangérané yaiku patamanan kalanggengan, kang ing *jeroné* kali-kaliné padha mili, manggon ing kono langgeng; Allah rena marang dhèwèké sarta dhèwèké rena marang Panjenengané;[2785] mangkono iku tumrap sapa sing wedi marang Pangérané.

Ar. *ngisoré*

جَزَآؤُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ جَنّٰتُ عَدْنٍ
تَجْرِيْ مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهٰرُ خٰلِدِيْنَ
فِيْهَآ أَبَدًا ۗ رَضِيَ اللّٰهُ عَنْهُمْ وَرَضُوْا
عَنْهُ ۗ ذٰلِكَ لِمَنْ خَشِيَ رَبَّهٗ ﴿٨﴾

2785. Katerangan bab kawontenanipun para sahabat Nabi punika, dados bukti ingkang kiyat, ingkang nélakaken bilih pangawon-awon ingkang sok katumrapaken dhateng para sahabat wau dora.

(٩٩) سُوْرَةُ الزِّلْزَالِ مَكِّيَّةٌ

اٰيَاتُهَا ٨ — رُكُوْعُهَا ١

SURAT 99

AZ-ZILZÂL

(*Gonjang-ganjing*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*8 ayat*)

Katerangan gerban

Gonjang-ganjing ingkang kapangandikakaken ing ayat ingkang wiwitan ing surat punika, ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika, punika piweca bab bilai ageng ingkang anggonjang-ganjingaken tanah Arab nalika rawuhipun Kanjeng Nabi Suci tuwin bilai ageng ingkang dèrèng naté wonten saminipun, ingkang anggonjang-ganjingaken saindhenging jagad ing samangké punika. Rèhning nalika jamanipun Kanjeng Nabi, pambangunan punika wontenipun saking angsal-angsalaning bilai-bilai wau, milanipun ing sapunika ugi, ébah-ébahan ruhani ingkang ageng ugi kénging dipun ajeng-ajeng wontenipun.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
	1 Samangsa bumi digonjang-ganjingaké kalawan gonjang-ganjing kang abanget,	إِذَا زُلْزِلَتِ الْأَرْضُ زِلْزَالَهَا ۝١
	2 Sarta bumi angetokaké momotané,	وَأَخْرَجَتِ الْأَرْضُ أَثْقَالَهَا ۝٢
Ar. *dhèwèké*	3 Sarta manusa calathu: Kena ngapa *iki*?	وَقَالَ الْإِنْسَانُ مَا لَهَا ۝٣
Ar. *dhèwèké*	4 Ing dina iku *bumi* anjalèntrèhaké pawartané,	يَوْمَئِذٍ تُحَدِّثُ أَخْبَارَهَا ۝٤
Ar. *dhèwèké*	5 Sabab déné Pangéranira aparing wewedhar marang *bumi*.[2786]	بِأَنَّ رَبَّكَ أَوْحٰى لَهَا ۝٥

2786. Manawi dipun limbang-limbang kanthi dipun gathukaken kaliyan gesang sapunika punika, piweca-piweca punika wigatos amecakaken jaman nalika bumi angedalaken tiyangipun ingkang pejah, ingkang lajeng kagesangaken malih menggah ing ruhaniyahipun, ing sasampunipun bumi wau dipun gonjang-ganjingaken kalayan sanget, kados déné ingkang kelampahan wonten ing tanah Arab punika. Katranganing tegesipun *zalzalah* utawi *gonjang-ganjing* ingkang kados makaten wau, kula aturi mirsani ing 1668. Bumi nyariyosaken pawartosipun, punika ateges dumadosipun kawontenan-kawontenan

6 Ing dina iku para manusa bakal padha metu aprenca-prenca, perlu padha diweruhaké panggawé-panggawéné.

يَوْمَئِذٍ يَصْدُرُ النَّاسُ أَشْتَاتًا لِّيُرَوْا أَعْمَالَهُمْ ۝٦

7 Lah sapa sing nindakaké panggawé becik (sanadiyan mung) bobot samendhang, bakal weruh.

فَمَن يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ خَيْرًا يَرَهُ ۝٧

8 Lan sapa sing nindakaké panggawé ala (sanajan mung) bobot samendhang, (iya) bakal weruh.[2786]

وَمَن يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ شَرًّا يَرَهُ ۝٨

---

ingkang saged adamel melok sabarang tindak awon lan tindak dédé ingkang katindakaken wonten ing ngriku, kados déné ingkang kacetha ing pangakenipun titiyang Makkah, bilih piyambakipun punika tukang nindakaken pandamel awon. Sawenèh mufassir wonten ingkang mastani bilih ayat-ayat punika wigatos nerangaken tandha-tandhanipun dinten akhir, utawi tanda-tandhanipun dinten pancasan sampun celak. Manawi kasuraos makaten, dhawuh punika mengku teges, bilih lindhu lan babaya sanès-sanèsipun badhé anggonjang-ganjingaken bumi. Babaya ingkang maujud lindhu tuwin paperangan-paperangan, ingkang anggènipun anggigirisi ngantos pentog kados déné ingkang kelampahan nalika prang Éropah ing jaman samangké punika (prang donya ingkang kaping sapisan lan kaping kalih, *pen*), punika sadaya wonten ing babading jagad dèrèng naté kelampahan, sarta saèstu anggonjang-ganjingaken bumi prasasat ngantos dumugi ing dhasaripun. Punika mratandhani bilih kula sadaya punika ngalami gesang wonten ing jaman ingkang wonten ing serat-serat suci kasebut jaman akhir. Tumrap panyuraos punika bumi angedalaken momotanipun, punika ateges ngedalaken isèn-isènipun ingkang sakalangkung ageng pangaosipun, kadosta pepelikan tuwin wulu wedal sanès-sanèsipun. Mufassir sanès-sanèsipun wonten malih ingkang gadhah pamanggih, bilih dhawuhing ayat punika sadaya namung mathuk kanggé nyifati dinten akhir utawi dinten kiyamat. Nanging nitik wontenipun pratélan bilih manusa wicanten: *Kena ngapa iki*, punika nandhakaken manawi dhawuhing ayat punika langkung prayogi dipun tafsiri gagandhèngan kaliyan gesang sapunika punika.

2786A. Wohing pandamel awon tuwin pandamel saé ingkang katindakaken ing manusa punika asring dipun pintonaken dhateng piyambakipun wonten ing gesang sapunika punika, sanajan gumelaripun ingkang kalayan sampurna, kelampahanipun wonten ing akhirat. Nanging tumrap para pandhèrèkipun Kanjeng Nabi tuwin mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi, ing gesang sapunika punika ugi sami dipun paringi icip-icip wohing pandameiipun ingkang katindakaken, punika minangka kanggé pasaksèn bilih wontenipun ganjaran tuwin siksa ing akhirat punika ugi nyata saèstu.

سُوْرَةُ الْعٰدِيٰتِ مَكِّيَّةٌ (١٠٠) — اٰيَاتُهَا ١١ — رُكُوْعُهَا ١

SURAT 100

AL-‘ÂDIYÂT

(*Ingkang nyerang*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*11 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika dipun namakaken *Ingkang nyerang*, pipiridan saking dhawuh piweca ingkang kasebut ing ayat 1, ingkang nerangaken bilih bilai ageng ingkang kapangandikakaken wonten ing surat ingkang sampun, punika badhé kelampahan sarana peperangan-peperangan. Kanyataanipun bab prakawis punika boten namung ing nalika jamanipun Kanjeng Nabi Suci kémawon, nanging dalasan ing jaman kita samangké inggih tetep nyata, malah kapara langkung pratéla malih. Peperangan-peperangan ing jaman kita samangké, ingkang dèrèng naté wonten saminipun ing sadèrèng-dèrèngipun, punika sampun boten wonten semang-semangipun malih manawi dados cacala badhé wontenipun pambangunan ruhani ingkang ageng, plek kados déné ingkang naté kelampahan wonten ing tanah Arab tigawelas abad kapengker. Bab ingkang karembag wonten ing surat punika tuwin titimangsa jamaning tumurunipun, kénging kagolongaken kaliyan surat nginggilipun.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
a. 2099 Ut. *nyerang*	1 Mramanakna[a] kang-*ambalap* kalawan menggos-menggos,	وَالْعٰدِيٰتِ ضَبْحًا ۙ ١
	2 Sarta kang-amletikaké geni kalawan panujahé,	فَالْمُوْرِيٰتِ قَدْحًا ۙ ٢
	3 Lan kang-nyander ing wayah bangun-ésuk,	فَالْمُغِيْرٰتِ صُبْحًا ۙ ٣
	4 Tuwin kang-anjalari mabul-mabuling lebu,	فَاَثَرْنَ بِهٖ نَقْعًا ۙ ٤
Ar. *golo-ngan*	5 Banjur bisa andhesek sumusup *mungsuh*;	فَوَسَطْنَ بِهٖ جَمْعًا ۙ ٥
	6 Sayekti, manusa iku marang Pangérané ora sukur,[2787]	اِنَّ الْاِنْسَانَ لِرَبِّهٖ لَكَنُوْدٌ ۚ ٦

2787. Miturut para mufassirin ingkang sabagéan kathah, pratélan ing ayat 1 dumugi 5 punika mratélakaken unta utawi kapal. Ingkang mastani nerangaken unta punika adhadhasar kateranganipun Bagéndha ‘Ali, ingkang mangandikakaken bilih *al-‘âdiyât* punika tegesipun unta-unta ingkang sami lumajeng saking Arafah dhateng Muzdalifah, inggih punika namanipun panggènan kakalih ingkang wonten sasambetanipun kaliyan upacara lampah-lampahipun ngibadah haji. الموريات قدحا tumrap panyuraos punika ateges tempuking tracakipun unta wau kaliyan séla nalika lumajeng ririkatan,

7 Lan sayekti, dhèwèké iku temen anekséni marang prakara iku,

وَإِنَّهُۥ عَلَىٰ ذَٰلِكَ لَشَهِيدٌ ۝٧

Ut. *rosa*

8 Lan sayekti, dhèwèké iku tresnané marang bandha *gedhé* temenan.

وَإِنَّهُۥ لِحُبِّ ٱلْخَيْرِ لَشَدِيدٌ ۝٨

9 Apa ta dhèwèké ora weruh samangsané apa kang ana ing kubur ditangèkaké,

أَفَلَا يَعْلَمُ إِذَا بُعْثِرَ مَا فِى ٱلْقُبُورِ ۝٩

10 Sarta apa kang ana sajroning dhadha dieblakaké?

وَحُصِّلَ مَا فِى ٱلصُّدُورِ ۝١٠

11 Sayekti, Pangérané, ing dina iku marang dhèwèké temen waspada.[2787A]

إِنَّ رَبَّهُم بِهِمْ يَوْمَئِذٍ لَّخَبِيرٌۢ ۝١١

---

ngantos angedalaken latu. المغيرات صبحا nerangaken plajengipun ingkang rikat sanget dhateng Mina ing wanci énjingipun dinten riyaya kurban. Déné وسطن به جمعا ateges dumuginipun wonten ing Muzdalifah, ingkang kasebut *al-jam'a*, margi para ingkang jiyarah haji sami nglempak wonten ing ngriku (Rz). Déné katrangan satunggalipun ingkang mastani nerangaken kapal, punika awawaton kateranganipun I'Ab, Dk, lan para mufassirin sanès-sanèsipun sabagéan kathah; maksudipun kapal-kapal ingkang dipun anggé wonten ing paprangan, déné suraosing dhawuh, piweca kénging dipun suraos ugi ingkang dipun karsakaken ing dhawuh punika para prajurit piyambak, déné tembung *dlab-hâ*, ingkang asalipun kanggé nembungaken kapal ingkang menggos-menggos, punika ugi saged ateges ambengok (TA-LL), awit saking punika, والعاديات ضبحا saged ateges *Mamranakna kang nyerang kalawan ambengok*, dados saged mengku teges para prajurit ingkang sami perang, boten ngemungaken ateges kuda peperangan kémawon. Tumrap panyuraos punika, ngedalaken latu punika ateges andon perang, sarta *al-mugirât* ateges *para ingkang sami anempuh*; dados manawi kasuraos makaten wau, ayat gangsal iji punika dumunung anerangaken anggènipun titiyang Makkah merangi titiyang Muslimin.

Ayat 6 wigatos dhawuh migatosaken anggènipun para titiyang Makkah boten gadhah panarimah, déné ngemohi Kanjeng Nabi Suci. Ingkang dipun karsakaken wonten ing dhawuhing ayat 1 dumugi 5 punika (manawi dipun suraos kados déné katrangan ingkang angka satunggal wau), wigatos nyebutaken bukti kanggé ambuktèkaken ing kayektènipun Kanjeng Nabi. Lumampahipun unta-unta dhateng Makkah kanthi ambekta para titiyang ingkang sami jiyarah haji, punika anggelar kayektènipun Kanjeng Nabi, awit Kanjeng Nabi Ibrahim ingkang nyenyuwun dhateng Pangéran supados nagari Makkah kadadosaken papan kalempakanipun manusa, punika ugi nyuwun supados saking antawising tedhak turunipun wontena ingkang kajumenengaken Nabi wonten ing ngriku. Katrangan warni kalih sanèsipun, punika ugi mengku karsa wigatos ambuktèkaken kayektènipun Kanjeng Nabi; inggih punika badhé gumelar samangsa para titiyang Makkah ingkang boten gadhah panarimah wau merangi ing panjenenganipun; inggih punika ing nalika Kanjeng Nabi andhatengakaken yakti dhateng piyambakipun, piyambakipun boten sami purun nampèni nanging malah ngacungaken pedhangipun.

2787A. Pangéran *Waspada* ing dinten wau, punika ateges bilih siksa mesthi andhawahi para duraka, jalaran tumrap wonten ing donya punika tiyang punika sagedipun sumingkir saking siksa manawi kalepatanipun tiyang wau boten kauningan fihak ingkang wajib. Nanging Pangéran punika ing sawanci-wanci Mahawikan, mila manawi dhawuh punika mawi nyebutaken kalayan mligi *ing dina iku*, punika perlunipun kanggé nyifati dinten wau dinten dhumawahing siksa, sami ugi, punapa ing gesang sapunika punapa ing akhirat. Makaten ugi dhawuh *apa kang ana ing kubur ditangèkaké*. Punika mengku karsa wigatos anyebutaken kiyamat ruhani ingkang badhé dumados ing sasampunipun peperangan.

سُورَةُ الْقَارِعَةِ مَكِّيَّةٌ (١٠١) — آيَاتُهَا ١١ — رُكُوعُهَا ١

SURAT 101

AL-QÂRI’AH

(*Babaya ingkang anggegeteri*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*11 ayat*)

Katerangan gerban

Babaya ingkang anggegetiri ing surat punika, ingkang lajeng dados namanipun, punika sami kaliyan *gonjang-ganjing* ing surat nginggilipun let satunggal. Titimangsaning tumurunipun kirang langkung inggih sami.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
	1 Babaya anggegeteri!	اَلْقَارِعَةُ ۙ ١
Ar. *apa*	2 *Saiba anggoné anggigirisi* babaya kang anggegeteri iku!	مَا الْقَارِعَةُ ۚ ٢
Ar. *apa*	3 Lan apa kang mangertèkaké ing sira, *saiba anggoné anggigirisi* babaya kang anggegeteri iku?[2788]	وَمَآ اَدْرٰىكَ مَا الْقَارِعَةُ ۗ ٣
	4 Dinané manusa padha kaya sulung pating salebar,	يَوْمَ يَكُوْنُ النَّاسُ كَالْفَرَاشِ الْمَبْثُوْثِ ۙ ٤

2788. *Al-qâri’ah* (saking tembung *qar’*, jawinipun *nothok kalayan sora*) punika tegesipun الحادثة العظيمة *babaya ingkang sakalangkung ageng*. Tembung punika wonten ing 13: 31 kagem kalayan tanpa karaketan ing *al*, makaten: “Lan ora bakal lèrèn-lèrèn para kang padha kafir, anggoné padha ketaman babaya kang anggigirisi (*Qâri’ah*) amarga saka panggawéné .... nganti tumekané janjiné Allah.” Nitik panganggènipun tembung *qâr’iah*, nedahaken bilih tembung punika mengku teges salah satunggaling babaya ageng ingkang pijer-pijer andhawahi para titiyang Quraisy punika. Sarta nadyan inggih sampun boten kénging dipun sélaki malih bilih *al-qâri’ah* punika salah satunggaling nama ingkang dipun anggé namakaken dinten kiyamat, namung sabab dipun raketi *al*, punika boten saged ngéwahaken tegesipun, wangsul namung murih saya gumathok tegesipun tembung *qâri’ah* wau. Dados manawi makaten, tembung wau ateges babaya ingkang kajanjèkaken utawi ingkang kaancamaken, sarta ingkang makaten punika mengku kalih-kalihipun, inggih punika babaya ingkang kaancamaken badhé dhumawah nalika ing gesang sapunika punika tuwin ing akhirat. Ing 69: 4 *al-qâri’ah* ateges babaya ageng ingkang nglebur umat saking lumahing bumi.

5 Sarta gunung-gunungé kaya wulu wedhus buyar.[2789]

وَتَكُونُ الْجِبَالُ كَالْعِهْنِ الْمَنْفُوشِ ۝٥

a. 859, 1732 6 Sabanjuré, sapa sing timbanging panggawéné becik[a] abot,

فَأَمَّا مَنْ ثَقُلَتْ مَوَازِينُهُ ۝٦

7 Lah iku bakal seneng uripé.

فَهُوَ فِي عِيشَةٍ رَاضِيَةٍ ۝٧

8 Déné sapa sing timbanging panggawéné becik ènthèng,

وَأَمَّا مَنْ خَفَّتْ مَوَازِينُهُ ۝٨

9 Panggonané bakal ana ing jurang jero.[2790]

فَأُمُّهُ هَاوِيَةٌ ۝٩

10 Lan apa kang meruhaké sira, iku apa?

وَمَا أَدْرَاكَ مَا هِيَهْ ۝١٠

11 Geni kang murub.

نَارٌ حَامِيَةٌ ۝١١

2789. Para mengsahipun Kanjeng Nabi dados kados déné kupu ingkang pating salebar, déné panuntunipun ingkang ageng-ageng, ingkang kasanépakaken kados déné redi. Sami kapracondhang prangipun. Punika wonten ing 13: 31 kasebut babaya ingkang anggigirisi; mirsanana 1282.

2790. Tembungipun asli فامه هاويه *Hâwiyah* punika saking tembung هوى يه jawinipun *nibakaké* (LL), déné tegesipun *hâwiyah* wau *panggènan ingkang sakalangkung lebet ngantos boten saged dipun andhapi dhasaripun* (TA-LL). Tembung *umm* ingkang sakawit ateges *biyung*, salajengipun wonten ing sadaya tegesipun ingkang kaping kalih, raosipun teges ingkang sakawit wau boten kétang sakedhik lastantun. Sawenèh saking tegesipun ingkang kaping kalih ingkang warni-warni punika kadosta *tuk*, *asal*, *tatales*, *uger-uger*, *sarananing gesang ingkang baku piyambak*, *barang ingkang dipun gambloki barang sanès-sanèsipun*, *péranganipun ingkang baku satunggaling barang, tiyang ingkang gadhah tanggelan nyukani tedha tuwin lalados ing tiyang kathah* (LL). Panggènan ingkang dipun enggèni utawi padunungan, punika ugi winastan *umm* (Q-LL), awit panggènan wau nyukani pangayoman dhateng tiyang, kados déné biyung dhateng anakipun bayi. Naraka wonten ing ngriki kasebut biyung, punika kanggé anedahaken bilih sasambetanipun manusa kaliyan naraka punika sami kados déné sasambetanipun bayi kaliyan biyungipun; terangipun anggènipun manusa kacemplungaken wonten ing naraka, punika kanthi mengku pamrih murih piyambakipun pantes utawi kongang nglajengaken kamajenganipun wonten ing ngalam ruhani; dados, kados-kados piyambakipun punika kagulawenthah wonten ing pangkonipun naraka, kados déné laré alit kagulawenthah wonten ing pangkoning biyungipun, sarta anggènipun manggèn wonten ing naraka punika namung ing sawatawis wekdal, kados déné laré alit nedha toya sesepaning biyungipun ing sawatawis wekdal. Kf nerangaken: ananging sawenèh mufassir mastani manawi امه هاويه punika sami kaliyan هوت امه inggih punika paribasan Arab kanggé mujèkaken tiyang supados ketaman cilaka, mila lajeng kaanggep pratélan wau mengku suraos: *Sapa sing timbanging panggawéné becik èntèng, dhèwèké bakal nemahi curna* (Kf, Rz).

سُوْرَةُ التَّكَاثُرِ مَكِّيَّةٌ (١٠٢) — آيَاتُهَا ٨ — رُكُوْعُهَا ١

SURAT 102

AT-TAKÂTSUR

(*Arebat ngajeng angathahaken bandha*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*8 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika mathis sanget dipun namakaken *Arebat ngajeng angathahaken bandha*, ingkang mirid saking tembung ingkang kasebut wonten ing ayat ingkang wiwitan piyambak. Wondéné ingkang kasebutaken wonten ing surat punika, inggih punika bandha donya ingkang kathah tuwin kasenenngan donya, punika alangan ageng ingkang sok nyalèwèngakaken pamanahanipun manusa saking maksuding gesang ingkang sajati. Awit saking punika, supados manusa punika ngrumaosi ingkang kados makaten wau, perlu sanget manusa dipun tebihaken saking sawenèhipun kasenengan-kasenengan wau. Lah inggih punika sababipun déné kawicaksananipun Pangéran kala-kala sok ngarsakaken babaya-babaya andhawahi manusa. Dados surat punika rapet sanget sasambetanipun kaliyan surat-surat ingkang sampun, ingkang mangandikakaken bab babaya-babaya wau. Kayektènipun prakawis ingkang kasebutaken wonten ing dhawuh punika, wonten ing jagad punika dèrèng naté cumetha kalayan ngégla ngungkuli ing jaman samangké. Surat punika salah satunggaling wahyuning Pangéran ingkang tumurun nalika jaman wiwitan.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
	1 Brangta angakèhaké bandha iku anglénakaké marang sira,	أَلْهٰكُمُ التَّكَاثُرُ ۝١
	2 Nganti sira tumeka ing kubur.[2791]	حَتّٰى زُرْتُمُ الْمَقَابِرَ ۝٢

2791. *At-takâtsur* punika manut rimbag *tafâ'ul*, saking tembung *al-katsrah*, tegesinun *kathah*, déné tegesipun kajawi mengku teges ungkul-ungkulan kathah-kathahan bandha, lan sapiturutipun, kala-kala sok mengku teges nindakaken satunggaling barang kalayan rekaos, lan tarkadhang sok ateges *fi'l* piyambak (Rz). Mila *at-tâkatsur* kula tegesi *brongta angakèhaké bandha*. Tembung *alhâ* punika mesthi dipun raketi lésanipun ingkang kagandhèng kalayan tembung '*an*, kanggé nedahaken "nglénakaké" punika nglénakaken saking punapa. Ing dhawuh ngriki lésanipun wau boten dipun sebutaken, awit pratélan punika piyambak sampun cekap kanggé anedahaken bilih ingkang dipun karsakaken punaka nglénakaken saking maksuding gesang ingkang sajati. Miturut Rz, *tumeka ing kubur* punika tegesipun *pejah* awit *tiyang ingkang pejah* punika katembungaken زار قبره jawinipun *niliki* utawi *tumeka ing kuburé*. Sanajan anggènipun kadhawuhaken pratélan punika sasambetan kaliyan kawontenanipun titiyang kafir Makkah, nanging suraosipun umum anyrambahi, awit boten prabéda lan titiyang Makkah sami léna saking maksuding gesang ingkang sajati déning bandhanipun ingkang sakalangkung kathah, lah makaten ugi bandha ingkang sakalangkung kathah wau tansah adamel lénanipun tiyang, sarta dalasan jagading samangké punika ugi léna déning kathahing bandha wau.

	3 O, sira bakal énggal weruh,	كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُونَ ۝٣
Ar. *manèh*	4 O, *temenan*, sira bakal énggal weruh.	ثُمَّ كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُونَ ۝٤
Ar. *ngilmu*	5 O, yèn ta kowé weruha kalawan yakining *kawruh,*	كَلَّا لَوْ تَعْلَمُونَ عِلْمَ الْيَقِينِ ۝٥
	6 Amasthi sira bakal nyumurupi naraka;	لَتَرَوُنَّ الْجَحِيمَ ۝٦
Ar. *mripat*	7 Banjur sira masthi nyumurupi iku kalawan yakining *pandulu*;	ثُمَّ لَتَرَوُنَّهَا عَيْنَ الْيَقِينِ ۝٧
	8 Tumuli ing dina iku temen sira bakal dinangu prakara nugraha-nugraha(-ning Pangéran).[2792]	ثُمَّ لَتُسْأَلُنَّ يَوْمَئِذٍ عَنِ النَّعِيمِ ۝٨

2792. Ayat 5 dumugi 8 punika kasuraos medharaken kayakinan tigang tataran, inggih punika: *ilmu-l-yaqîn*, *'ainu-l-yaqîn*, tuwin *haqqu-l-yaqîn*, jawinipun: *yakining ngilmu*, *yakining mripat*, tuwin *jatos-jatosing yakin*. Kalayan ngilmu, inggih punika sarana anglimbang-nglimbang, ing donya ngriki ugi manusa saged angsal kayakinan ing wontenipun naraka (ayat 4 lan 6). Sasampunipun manusa pejah, kalayan mripatipun piyambakipun saged nyumerapi naraka (ayat 7). Nanging cumethanipun ingkang kalayan sampurna naraka punika badhé dipun sipati déning manusa bénjing ing dinten kiyamat (ayat 8), awit kadangu bab prakawis nugraha, punika ateges ngraosaken siksa ingkang margi boten purun migunakaken punapa mesthinipun barang ingkang sampun kaparingakaken dhateng manusa. Nanging dhawuh punika ugi kénging kasuraos tumrap ing gesang sapunika punika. Manawi purun manah-manah dhateng kawontenanipun awon, manusa punika saged angsal kayakinan ing wontenipun naraka. Makaten punika yakining ngilmu. Lajeng sarana ningali lalampahan ingkang kasandhang ing ngasanès, piyambakipun saged angsal seserepan ingkang yakin lantaran mripat. Wasana piyambakipun yakin saèstu ing wontenipun naraka, samangsa kacilakan andhawahi piyambakipun. Lah inggih bab prakawis punika ingkang dipun pèpèngetaken dhateng titiyang Makkah.

سُورَةُ الْعَصْرِ مَكِّيَّةٌ (١٠٣) اٰياتها ٣ ركوعها ١

SURAT 103

AL-’ASHR

(*Wanci*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng pasaksinipun *wanci*, kanggé nedahaken bilih ingkang saged subur punika ngemungaken para ingkang sami purun nampèni yakti kémawon, para ingkang sami angemohi kapitunan ageng; mila surat punika dipun namakaken *Wanci*. Wondéné pasaksinipun wanci punika wonten warni tiga. Sapisan wekdal ingkang sampun kelampahan suka pasaksèn bilih ngemungaken tiyang ingkang boten ambèbècèr wekdalipun ingkang kanggé nindakaken kasaénan kémawon, ingkang sami angsal piguna. Kaping kalih, papadhang ingkang madhangi ing sauruting marginipun jaman ingkang sampun kapengker ing kina, suka pitedah dhateng kula sami bilih para titiyang ingkang sami atindak saé tuwin ajak-ajak dhateng kasaénan, punika sami subur gesangipun; kosokwangsulipun para ingkang sami nindakaken awon, mesthi nemahi curna. Kaping tiga, wekdal jamanipun Kanjeng Nabi Muhammad saw. suka pasaksèn papancasan ingkang sakalangkung déning terang, bilih para angèstu tuwin para ingkang sami nindakaken kasaénan sami manggih kabegjan, kosokwangsulipun, mengsah-mengsahipun para angèstu wau sami nandhang kapitunan ingkang pratéla. Surat punika salah satunggaling dhawuh ingkang tumurun jaman wiwitan.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسۡمِ اللّٰهِ الرَّحۡمٰنِ الرَّحِيۡمِ

a. 2099 1 Mramanakna[a] marang waktu,

وَالۡعَصۡرِۙ ١

2 Sayekti, manusa iku temen ana sajroning kapitunan,

اِنَّ الۡاِنۡسَانَ لَفِىۡ خُسۡرٍۙ ٢

3 Kajaba kang padha angèstu sarta anindakaké panggawé becik, apa déné weling-wineling ing bener sarta weling-wineling ing sabar.[2793]

اِلَّا الَّذِيۡنَ اٰمَنُوۡا وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ وَتَوَاصَوۡا بِالۡحَقِّ ۙ وَتَوَاصَوۡا بِالصَّبۡرِ ٣

2793. ‘*Ashr* punika tegesipun *wanci* utawi *jaman* (TA-LL). Sumangga nganggé teges ingkang angka kalih rumiyin, ingkang déning Fr kaanggep dados tegesipun tembung ‘*ashr* ing ngriki (LL). Manawi nganggé teges ingkang angka kalih wau, dhawuh pratélan punika wigatos dhawuh anggatosaken dhateng jaman ingkang sampun-sampun, ingkang manawi katiti-priksa saèstu sampun cekap kanggé anedahaken, bilih wekasanipun manusa punika boten sanès kajawi namung karisakan blaka, kajawi manawi piyambakipun purun angèstu tuwin tumindak miturut yakti lan ajak-ajak dhateng tiyang sanès netepi yakti. Ngemungaken yakti piyambak ingkang saged suka gesang sajati dhateng sagung para manusa. Para titiyang Makkah sami dipun paringi dhawuh, bilih kasunyatan ingkang kados

makaten punika katingal melok wonten ing jaman ingkang sampun kapengker. Manawi tembung ‘*ashr* dipun tegesi *wanci*, dhawuh punika lajeng mengku suraos dhawuh migatosaken dhateng lampahing wekdal, ingkang sampun terang anedahaken bilih sok tiyanga ingkang boten purun mempeng anindakaken sawenèh kasaénan ingkang langgeng, menggah ing sajatos-jatosipun piyambakipun punika kécalan sadaya wekdal ingkang sampun kelampahan. Nanging sawenèh mufassir wonten ingkang gadhah paham bilih *al*-‘*ashr* punika jamanipun Kanjeng Nabi Suci. Satunggaling hadits pangandikanipun Kanjeng Nabi Suci ingkang sahih, ingkang nyanépakaken jamanipun Kanjeng Nabi kaliyan ‘*ashr*, wanci ngasar, ngiyataken paham wau. Wondéné suraosipun jamanipun Kanjeng Nabi punika sampun saged dados bukti ingkang anedahaken bilih sinten ingkang boten purun angèstu lan boten purun nindakaken kasaénan mesthi kapitunan; bukti punika kalayan terang gamblang kagelar déning sugengipun Kanjeng Nabi. Miturut I’Ab, *al-insân* ing ngriki ateges sagolonganipun para manembah brahala ingkang sakalangkung sanget anggènipun milawani ing Kanjeng Nabi Suci (Rz).

Dhawuh ingkang maréntahaken weling-wineling ing yakti, punika dipun sambeti ing dhawuh ingkang maréntahaken weling-wineling ing kasabaran; awit mulangaken yakti punika mesthi mawi manggih rekaos warni-wami, manawi boten sabar lan santosa nalika nandhang rekaos, mesthi boten saged miturut ing yakti.

سُوْرَةُ الْهُمَزَةِ مَكِّيَّةٌ (١٠٤) — اٰيَاتُهَا ٩ — رُكُوْعُهَا ١

SURAT 104

AL-HUMAZAH

(*Tukang ngawon-awon*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*9 ayat*)

Katerangan gerban

Kosokwangsul kaliyan tiyang ingkang kapangandikakaken wonten ing surat ingkang sampun, inggih punika para titiyang ingkang sami angèstu, nindakaken pandamel saé tuwin ajak-ajak dhateng yakti lan kasabaran, tiyang ingkang kapangandikakaken ing ngriki inggih punika tiyang ingkang boten purun nindakaken pandamel saé ingkang langgeng, nanging malah namung manggung ngumpuk-umpuk bandha, boten weling-wineling ing yakti, nanging malah ngraosi awoning ngasanès. Ing ngriki ugi mengku piweca, bilih para tukang ngraosi awon dhateng Kanjeng Nabi, punika ing wasananipun mesthi badhé nemahi cilaka. Dhawuh punika panunggilanipun dhawuh ingkang tumurun ing jaman wiwitan.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.

بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○

1 Cilaka tumrap sarupaning tukang ngala-ala, tukang nginakaké,[2794]

وَيْلٌ لِّكُلِّ هُمَزَةٍ لُّمَزَةٍ ۙ ﴿١﴾

Ut. *ditikel-tikelaké*

2 Kang anglumpukaké bandha sarta *anganggep iki dadi panulaking bilai*;[2795]

الَّذِيْ جَمَعَ مَالًا وَّعَدَّدَهٗ ۙ ﴿٢﴾

3 Anyana, yèn bandhané iku anglanggengaké awaké.[2796]

يَحْسَبُ اَنَّ مَالَهٗٓ اَخْلَدَهٗ ۚ ﴿٣﴾

2794. Tukang ngawon-awon lan tukang nginakaken wonten ing ngriki dipun gebyah uyah kalepataken sadaya; nanging dhawuh punika ugi mengku karsa ingkang mligi nyebutaken titiyang Makkah, ingkang nalika sami miwiti milawani Kanjeng Nabi sami ngawon-awon lan nginakaken panjenenganipun, pamrihipun supados para ingkang sami dhateng saking panggènan ingkang tebih-tebih perlu sami jiyarah haji ing Makkah, punika boten sami purun mirengaken piwulangipun Kanjeng Nabi.

2795. *'Addada-hu*, tegesipun *nganggep satunggaling barang dados sadhiyan kanggé anjagi sampun ngantos kataman ing kacilakan* (S, Q-LL), asal saking tembung *al-'uddah* (Rz). Para mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi sami gadhah panganggep, bilih piweca-piwecanipun Kanjeng Nabi bab leburipun para mengsah wau ingkang sampun mèh kelampahan, punika mesthi boten netes, jalaran bandhanipun punika kaanggep sampun nyekapi kanggé milujengaken awakipun saking sadhéngah bilai, ingkang kacalonaken badhé andhawahi piyambakipun.

2796. Suraosipun, piyambakipun gadhah panganggep bilih piyambakipun mesthi badhé lastantun subur makmur, utawi lastantun wonten ing panggènanipun, margi saking bandhanipun wau.

	4 O, ora, dhèwèké masthi bakal dicemplungaké ing bilai kang ngremukaké,[2797]	كَلَّا لَيُنۢبَذَنَّ فِي الْحُطَمَةِ ④
	5 Lan apa kang ngretèkaké marang sira, bilai kang ngremukaké iku apa?	وَمَآ اَدْرٰىكَ مَا الْحُطَمَةُ ⑤
	6 Yaiku genining Allah kang diurubaké,	نَارُ اللّٰهِ الْمُوْقَدَةُ ⑥
Ut. *nyalad*	7 Kang *munggah* sadhuwuring ati.[2798]	الَّتِيْ تَطَّلِعُ عَلَى الْاَفْـِٕدَةِ ⑦
	8 Sayekti, (geni) iku bakal tinutup ngrukub marang dhèwèké,	اِنَّهَا عَلَيْهِمْ مُّؤْصَدَةٌ ⑧
	9 Ing sajroning papathok saka kang dhawa.[2799]	فِيْ عَمَدٍ مُّمَدَّدَةٍ ⑨

2797. Dhumawahipun bilai ingkang adamel remuk rempu, ingkang kasasmitakaken wonten ing ayat-ayat ingkang sampun, kalayan ceplos dipun antebaken wonten ing ngriki. *Al-huthamah* punika asal saking tembung *hathima*, jawinipun *ajur mumur* (LL). Nama *al-huthamah* punika namanipun *naraka tataran ingkang angka kalih* (Rz), *gapuranipun naraka* (Q-LL), awit *al-huthamah* punika ngejur mumur samukawis ingkang kacemplungaken mriku. Tembung punika kula jarwani *bilai kang ngremukaké*, murih mengku kalih-kalihipun, inggih punika naraka tuwin bilai sanès-sanèsipun ingkang kawecakaken badhé ngejur mumur para tukang ngawon-awon Kanjeng Nabi ingkang sami sugih-sugih punika; déné sababipun mila siksanipun wau kanamakaken makaten punika, awit para titiyang wau sami kajeng badhé *ngremuk* Kanjeng Nabi tuwin yakti ingkang kaampil.

2798. Kedah dipun pèngeti bilih latuning naraka punika katerangaken manawi munggah sadhuwuring ati punika anedahaken bilih latuning naraka punika asalipun saking salebeting manahipun manusa piyambak. Dados narakanipun manusa punika wonten ing gesang sapunika punika dumunung wonten ing manahipun piyambak, lah ing gesang ingkang badhé dhateng naraka wau badhé maujud langkung cetha awewèntèhan.

2799. *Papathok saka kang dawa*, inggih sakaning latu ingkang mumbul wonten ing sanginggiling manah. Punika adegipun saking pépénginanipun manusa ingkang dipun uja tanpa mawi wates, temahan margi boten naté saged marem lajeng dados tuking siksa tumrap manusa wonten ing donya punika.

رُكُوْعُهَا ١ (١٠٥) سُوْرَةُ الْفِيْلِ مَكِّيَّةٌ اٰيَاتُهَا ٥

SURAT 105

AL-FÎL

(*Gajah*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*5 ayat*)

Katerangan gerban

Ingkang kagelar wonten ing surat punika makaten: manawi namung dhateng tetengering Kasawijènipun Allah, ingkang awujud yayasan saking séla, inggih punika Ka'bab, ngantos samanten anggènipun Allah keraya-raya angayomi, ngantos kepareng nglebur wadyabala ingkang sakalangkung kiyat karana punika, mangka ing nalika punika Ka'bah wau kadarbé ing para manembah brahala, lah punapa malih dhateng Nabi-Nipun ingkang pinilih, ingkang kapiji kinèn angundhangaken Kasawijèn-Ipun ing saindhenging bawana, boten saya langkung sanget malih anggèning Panjenenganipun kepareng badhé angayomi. Surat punika dipun namakaken *Gajah*, awit ing antawisipun wadyabala ingkang nempuh punika wonten limanipun punapa. Surat punika panunggilanipun dhawuh ingkang tumurun nalika jaman wiwitan, sarta nedahaken bilih sedyanipun mengsah badhé nglebur titiyang Muslimin punika sampun wiwit ing jaman wiwitan mila.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
1 Apa sira ora andeleng, kapriyé garapé Pangéranira marang para kang duwé gajah?[2800]	اَلَمْ تَرَ كَيْفَ فَعَلَ رَبُّكَ بِاَصْحٰبِ الْفِيْلِ ۝١

2800. Ingkang dipun karsakaken inggih punika panempuhipun Abrahah dhateng kitha Makkah. Déné Abrahah punika adipatinipun raja Habasyah ing jaman ingkang nganggé agami Nasrani. Sedyanipun adipati Abrahah badhé nyirnakaken Ka'bah, supados grengsengipun tiyang Arab dhateng agami pindhah dhateng Sana'aa, ingkang déning adipati Abrahah sampun dipun adegi gréja ageng (Kathedral) ingkang magrong- magrong anjenggarang, makaten ugi mengku pamrih murih dadaganganipun titiyang Arab inggih pindhaha mriku. Wonten ing tanah Arab wadyabala punika misuwuripun winastan *Ashâbu l-fîl*, jawinipun *para kang duwé gajah*, margi ing ngriku wonten limanipun satunggal utawi langkung. Taun nalika adipati Abrahah ngrabasa dhateng Makkah wau misuwur winastan *taun gajah*, inggih punika nyarengi taun Maséhi 570, nunggil taun ugi kaliyan taun miyosipun Kanjeng Nabi Suci. Rumaos boten kecunggah ambélani papan suci saking panempuhipun wadyabala ageng wau, sarta margi boten angsal damel anggènipun ngrembagi adipati Abrahah supados murungaken sedyanipun ingkang nerak wawalering kasucian wau, Bagéndha Abdul Muththalib nyunyuwun dhateng Pangéran kalayan sora, sarwi léndhéan kontening Ka'bah, makaten: "Dhuh Pangéran! mugi Tuwan rumeksa ing padaleman Tuwan; sarta mugi sampun ngantos Kanjeng Salib menang kaliyan Ka'bah." Para titiyang Makkah sadaya lajeng sami késah dhateng paredèn ing sakubengipun kitha suci, déné adipati Abrahah ing nalika punika makuwon wonten ing satunggaling panggènan watawis lampahan tigang dinten saking Makkah. Ing wekdal wau wadyabalanipun adipati Abrahah ketrajang ing ambah-ambah sawarni sasakit cacar ingkang sakalangkung andrawasi, utawi

2 Apa Panjenenganè ora andadèkaké perangé larut morat-marit,	أَلَمْ يَجْعَلْ كَيْدَهُمْ فِي تَضْلِيلٍ ۝٢
3 Sarta angutus manuk agolong-golong (supaya mangsa) marang dhèwèké,	وَأَرْسَلَ عَلَيْهِمْ طَيْرًا أَبَابِيلَ ۝٣
4 Anibani dhèwèké kalawan watu atos,	تَرْمِيهِم بِحِجَارَةٍ مِّن سِجِّيلٍ ۝٤
5 Banjur Panjenengané andadèkaké dhèwèké kaya godhong kang dipangan?[2801]	فَجَعَلَهُمْ كَعَصْفٍ مَّأْكُولٍ ۝٥

pageblug sanès, sakalangkung déning sanget ngantos sami lumajeng “*larut morat-marit* lan sami telas manahipun temah sami pating bilulung,” kathah ingkang boten saged wangsul margi boten sumerep marginipun, temah sami pejah wonten ing jujurang, sapérangan malih wonten ingkang larut ketrajang ing banjir bandhang (mirsanana *Life of Muhammad*, ing Purwaka, p.c. Déning tuwan Muir)

Lalampahan punika kasebutaken wonten ing ngriki kanggé anedahaken kados pundi anggènipun Allah ngreksa Ka’bah saking upayaning mengsahipun ingkang kiyat, dados nglastantunaken panguwaosipun titiyang Quraisy dhateng saindhenging tanah Arab sadaya. Manawi makaten punapa piyambakipun boten lajeng atur panuwun karana nugraha wau, lan lajeng ngabdi ing Pangéraning padaleman wau, kados déné ingkang kasebutaken kalayan cetha wonten ing surat candhakipun? Sajakipun lalampahan punika ugi mengku sasmita, Pangéran Mahaluhur kepareng rumeksa dhateng Ka’bah saking mengsah, mangka ing nalika punika Ka’bah wau dipun anggé nembah brahala, punika minangka kanggé anedahaken bilih anggèn-Ipun rumeksa wau kalayan mengku karsa. Taun punika nyarengi kaliyan taun miyosipun Kanjeng Nabi, punika cetha manawi dumunung anggenahaken karsa wau, awit bangsa Arab punika boten namung mangertos manawi padaleman suci punika kasinungan barkahipun Kanjeng Nabi Ibrahim, nanging ugi mangertos bilih Kanjeng Nabi Ibrahim nyuwun dhateng Pangéran ing rawuhipun satunggaling Nabi saking antawisipun bangsa Arab, ingkang badhé nucèkaken padaleman wau. Dados lalampahan punika kasebutaken punika kalayan mengku pèpènget dhateng para titiyang Quraisy, bilih manawi Pangéran sampun nglebur wadyabala margi sumedya badhé nyirnakaken padaleman-Ipun suci, lah punapa inggih panjenenganipun ngèndelaken kémawon tiyang ingkang sumedya badhé nyirnakaken Nabinipun ingkang suci?

2801. Para mufassirin sami ngandharaken dodongèngan-dodongèngan ingkang aèng-aèng, ingkang nyariyosaken kados pundi anggènipun kasirnakaken wadyabalanipun adipati Abrahah, nanging para ahli babad namung mastani sabab ingkang murugaken wadya wau sami larut morat-marit punika margi ketrajang ing sasakit cacar utawi ketrajang ing pageblug (mirsanana Waqidi lan Hisyami). Quran boten ngandharaken kados pundi sirnanipun wadyabala wau. Peksi-peksi kasebutaken punika namung mengku sedya kanggé anedahaken bilih wadya wau dipun sirnakaken tan mangga puliha sarta peksi-peksi sami nedha wangkenipun, ngelèti daginging wangké lajeng dipun keplèkaken dhateng séla. (peksi-peksi dados pasaksèn leburipun wadyabala, punika kateranganipun sampun kasebutaken wonten ing 1387). Lah inggih awit saking punika mila ing wekasaning dhawuh kasebutaken wangkénipun kados déné *ron-ronan ingkang sampun katedha* (ing ama). Dodongèngan ingkang dipun sebutaken déning para mufassirin anggumujengaken sanget, boten perlu kula sebutaken ing ngriki. Kajawi punika, dodongèngan-dodongèngan wau boten kasebut wonten ing hadits ingkang kénging pinitados.

آياتها ٤ — سُوْرَةُ قُرَيْشٍ مَكِّيَّةٌ (١٠٦) — ركوعها ١

SURAT 106

AL-QURAISY

(*Bangsa Quraisy*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*4 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika sambet rapet kaliyan surat ingkang sampun, sarta menggah ing sajatos-jatosipun surat punika taksih nglajengaken prakawis ingkang karembag wonten ing surat ingkang sampun inggih punika ngèngetaken titiyang Quraisy nugraha gung ingkang sampun kaparingaken dhateng piyambakipun, margi piyambakipun punika dados juru kuncining Ka'bah. Inggih sabab saking punika déné surat kakalih punika tarkadhang sok kawaos dados satunggal, ingkang mahanani sawenèh mufassir gadhah pamanggih bilih surat punika péranganipun surat ingkang sampun. Titimangsa tumurunipun inggih sami.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
	1 Minangka pangayomaning bangsa Quraisy[2802]	لِاِيْلٰفِ قُرَيْشٍ ①

2802. "Quraisy" punika namanipun pancer turun Nadir bin Kananah (Rz). Miturut sawenèh tembung *Quraisy* punika *tashgir*-ipun (rimbag murih anggadhahi teges alit) tembung *qarsy*, inggih punika namanipun kéwan ageng ing saganten, ingkang nedha kéwan sanès, nanging awakipun piyambak boten kénging katedha. Makaten punika kateranganipun I'Ab, ingkang kanggé ngiyataken pratélan punika panjenenganipun maos kidung Arab makaten:

وقريش هي التي تسكن البحر ∴ بها سميت قريش قريشا

jawinipun: "Lan Quraisy iku (kéwan) kang urip ing sagara. Mulané wong Quraisy iku kasebut Quraisy" ngulami sanès mastani asaling tembung sanèsipun malih (Rz). Pancer Quraisy punika dudunung wonten ing Makkah sarta dados juru-kuncinipun padaleman suci. Ingkang dipun anggé punjer klempakanipun para ingkang sami ziyarah haji saking pundi-pundi nagari ing tanah Arab; milanipun pancer Quraisy punika wonten ing antawisipun pancer-pancer Arab sadaya, angsal kaurmatan ingkang mligi, inggih margi saking dados juru-kuncining padaleman suci wau.

Ayat ingkang wiwitan ing surat punika sasambetan kaliyan surat ingkang sampun, sarta kanthi mengku sedya melokakaken sasambetan wau, déné sawenèh sahabat Nabi kala-kala maos surat kakalih punika tanpa mawi kaselanan maos *Bismillâh*. Dados suraosipun dhawuh punika: Pangéran angreksa Ka'bah lan nyirnakaken mengsahipun Ka'bah, punika nugraha ingkang mligi tumrap titiyang Quraisy, awit punika ugi ateges maringi pangayoman dhateng para titiyang Quraisy wau. Nyata, margi titiyang Quraisy punika juru-kuncinipun Ka'bah, samangsa sami kekésahan wontena ing pundi-pundi panggènan sami dipun aosi, makaten ugi wonten ing salebeting tanah suci, sami angsal kaamanan tanpa wonten ingkang nyamèni, kados déné ingkang kasebutaken wonten ing Quran Suci piyambak makaten: "apa ta padha ora weruh, yèn Ingsun wus andadèkaké slameting tanah suci, mangka wong-wong padha dibandhang kalawan ruda paripeksa saka ing sakiwa tengené?" (29: 67). Saupami Ka'bah punika dipun

2 Pangayomané sajroning lulu-ngané ing mangsa adhem lan mangsa panas[2803]

إِلٰفِهِمْ رِحْلَةَ الشِّتَآءِ وَالصَّيْفِ ۚ ﴿٢﴾

3 Mulané dhéwéké kon padha ngawula marang Pangéraning Padaleman iki,

فَلْيَعْبُدُوْا رَبَّ هٰذَا الْبَيْتِ ۙ ﴿٣﴾

4 Kang aparing pangan dhè-wèké (minangka) panulaking luwé sarta aparing aman minangka pambirating wedi,[2804]

الَّذِيْٓ اَطْعَمَهُمْ مِّنْ جُوْعٍ ۙ وَّ اٰمَنَهُمْ مِّنْ خَوْفٍ ۧ ﴿٤﴾

risak, sayekti titiyang Quraisy ical wigatosipun, sarta akaliyan punika pangayoman ingkang mligi dados bebahanipun inggih tumut ical.

2803. Pangayoman ingkang kasebutaken wonten ing katrangan ingkang sampun, punika tumrap titiyang Quraisy wonten pigunanipun ingkang mligi, kanggé kekésahan mangalèr dhateng tanah Syam lan mangidul dhateng Yaman. Késahipun dagang mangalèr manawi masa katigen, mangidulipun manawi masa rendheng.

2804. Dipun paringi tedha minangka panulaking luwé lan dipun paringi aman minangka pambirating ajrih, punika nugraha mligi warni kalih ingkang kaparingken dhateng titiyang Quraisy lantaran kasucianipun Ka'bah; kelampahanipun ingkang kados makaten punika kabekta saking wontenipun tatacara jiyarah dhateng Makkah punika ngramékaken sanget dadaganganipun para titiyang Quraisy wau, kawimbuhan malih barang-barang ingkang dados kabetahaning gesang kabekta mriku, tur awakipun piyambak aman saking sawarnining kakuwatosan badhé tinempuh, mangka para pancer Arab sanès-sanèsipun tansah dados lésaning panempuh.

سُوْرَةُ الْمَاعُوْنِ مَكِّيَّةٌ (١٠٧)

SURAT 107

AL-MÂ'ÛN

(*Dana*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*7 ayat*)

Katerangan gerban

Nadyan titiyang Quraisy sami kaparingan nugraha kados déné ingkang kapangandikakaken wonten ing surat kakalih ingkang sampun, suprandéné para titiyang wau sami maiben ing wontenipun pancasan, sarta ngicak-icak wewenangipun para laré yatim lan para titiyang miskin. Inggih margi anggènipun boten sami purun dedana dahteng titiyang miskin wau, mila surat punika dipun namakaken *Dana*. Lepat manawi kaanggep bilih surat punika katurunaken ing Madinah. Saged ugi, surat punika sepuhipun boten sami kaliyan surat kakalih ingkang sampun, nanging prakawis kagolong èwoning dhawuh ingkang tumurun nalika jaman Makkah wiwitan, punika terang sampun boten wonten semang-semangipun malih.

	Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
Ut. *agama*	1 Apa sira weruh wong kang anggorohaké marang *pancasan* ?	أَرَءَيْتَ الَّذِى يُكَذِّبُ بِالدِّيْنِ ۝١
	2 Lah yaiku wong kang santak marang bocah yatim,	فَذٰلِكَ الَّذِى يَدُعُّ الْيَتِيْمَ ۝٢
	3 Lan ora gelem ajak-ajak awèh pangan wong miskin.[2805]	وَلَا يَحُضُّ عَلٰى طَعَامِ الْمِسْكِيْنِ ۝٣
	4 Mulané, cilaka tumrap wong-wong salat,	فَوَيْلٌ لِّلْمُصَلِّيْنَ ۝٤
	5 Kang ora tuhu-tuhu ing dalem salaté,	الَّذِيْنَ هُمْ عَنْ صَلَاتِهِمْ سَاهُوْنَ ۝٥

2805. *Ad-din* ing ngriki ateges *pancasan*, inggih punika paugeran bilih sadhéngah pandamel mesthi wonten wohipun. Milanipun, tiyang kiyat nindhes dhateng sadhèrèkipun ingkang ringkih lan apes, sarta malih ingkang boten purun nyadhiyakaken sapéranganing bandhanipun kanggé mitulungi sadhèrèk-sadhèrèkipun ingkang miskin. Punika kaanggep lepat kados déné tiyang ingkang anggorohaken pancasan. Kados punapa anggènipun Kanjeng Nabi tansah rnrihatosaken kawilujenganipun titiyang miskin tuwin laré-laré yatim, saged katitik saking dhawuh punika.

6 Kang padha amurih dineleng ing liyan (lakune becik),	الَّذِيْنَ هُمْ يُرَآءُوْنَ ۙ﴿٦﴾
7 Sarta padha anyegah dadana.[2806]	وَيَمْنَعُوْنَ الْمَاعُوْنَ ﴿٧﴾

2806. *Al-mâ'un* punika asal saking tembung *ma'n*, tegesipun *barang alit* utawi *sapélé* (Rz), sarta awawaton Bagéndha Abu Bakr, 'Ali, I'Ab, 'Ik, Qtd, Dk tuwin sahabat sanès-sanèsipun, kaanggep mengku teges *zakât* (*jakat*), ambokmanawi kémawon margi zakat punika awujud sapérangan alit saking gunggunging bandha sadaya (Rz, Kf, tuwin sanès-sanèsipun). Kacariyos tegesipun ingkang asli tembung punika: kabetahaning balegriya ingkang alit-alit, kadosta: *latu, toya, sarem, bendho, kuwali, piring,* sapiturutipun (Rz). Teges ingkang angka satunggal wau ingkang langkung prayogi. Wontenipun pratélan ingkang mungel kang padha amurih dineleng ing liyan lakuné becik, punika boten teka dados pracihna bilih péranganing surat punika katurunaken ing Madinah, awit kados déné ingkang kacetha wonten ing ayat ingkang wiwitan, terang bilih ingkang katuju ing dhawuh punika titiyang kafir.

ركوعها ١ سُورَةُ الْكَوْثَرِ مَكِّيَّةٌ (١٠٨) اٰياتها ٣

SURAT 108

AL-KAUTSAR

(*Kasaénan sakalangkung kathah*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ayat*)

Katerangan gerban

Dhawuh punika èwonipun dhawuh ingkang sepuh-sepuh (tumurun ing jaman wiwitan sanget), sarta anjanjèkaken sawarnining kasaénan ingkang mluwah-mluwah dhateng Kanjeng Nabi. Salajengipun dhawuh punika anedahaken bilih mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi mesthi badhé kécalan sadaya kasaénan, kalebet ugi kasaénan ingkang sampun kaparingaken dhateng piyambakipun ing donya punika minangka nugraha.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ○
1 Sayekti, Ingsun wus aparing kabecikan kaliwat akèh marang sira.[2807]	إِنَّآ أَعْطَيْنٰكَ الْكَوْثَرَ ۝١
2 Mulané salata marang Pangéranira sarta kurbana,[2808]	فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ ۝٢

2807. *Al-kautsar*, tegesipun *kaliwat akèh*, mligi *tumrap barang saé*, sarta miturut Rz, mengku *kasaénan tumrap ing donya punika tuwin kasaénan tumrap ing akhirat*. Ing suwarga wonten lèpèn ingkang namanipun *kautsar*, inggih ingkang dados tukipun sadaya lèpèn, punika namung anedahaken bilih *kasaénan ingkang sakalangkung kathah*, ingkang kaparingaken dhateng Kanjeng Nabi, punika inggih badhé dados tuking kasaénan, liripun, tiyang sanès badhé ngalap kasaénan saking panjenenganipun. Dipun riwayataken I'Ab nerangaken bilih *kautsar* punika tegesipun *kasaénan ingkang sakalangkung kathah*; sareng panjenenganipun dipun wangsuli bilih titiyang kathah mastani manawi *kautsar* punika lèpèn ing suwarga, panjenenganipun lajeng ngandika: هو من الخير الكثير jawinipun: "Iku iya èwoné kabecikan kang kaliwat akèh." Kasil ingkang sakalangkung angédab-édabi, ingkang dipun gayuh déning Kanjeng Nabi salebetipun ambangun satunggaling bangsa ingkang sampun pejah, inggih punika kawontenan ingkang dèrèng naté wonten saminipun wonten ing babading donya, punika salah satunggaling cakrikipun kasaénan sakalangkung kathah ingkang dipun janjèkaken dhateng panjenenganipun tumrap ing gesang sapunika punika.

2808. Sagedipun saèstu tampi kasaénan mluwah-mluwah ingkang kajanjèkaken badhé dipun paringaken dhateng panjenenganipun, Kanjeng Nabi Suci kadhawuhan salat dhateng Pangéran sarta akurban. Dados dhawuh punika anedahaken bilih sintena kémawon ingkang kepéngin angsal kasaénan wonten ing gesang sapunika punika tuwin kesaénan ing akhirat, kedah sembahyang lan akurban.

	3 Sayekti, mungsuhira – iku kang buntung (saka kabecikan).[2809]	إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ ۝٣

2809. Tembung *abtar* (saking *batr*, jawinipun *medhot thel satunggaling barang*), punika manawi dipun anggé tumrap kéwan, ateges *kéwan ingkang dipun kethok buntutipun*. Manawi dipun anggé tumrap manusa, tembung wau warni-warni tegesipun, minangka conto kadosta: *kaselut ing betah* utawi *kikirangan*, *kapitunan*, *tiyang ingkang kapedhotan sadaya kasaénanipun* utawi *kapedhotan subur makmuripun*, *margi boten gadhah turun* (LL).

Nitik ukaranipun ayat punika, nedahaken bilih pratélan punika minangka wangsulan dhateng mengsah, ingkang sami mastani Kanjeng Nabi punika *abtar*. Wondéné suraosipun, manawi mengsah pejah mesthi boten badhé wonten ingkang anggentosi; piyambakipun mesthi badhé pinedhot boten angsal damel lan boten saged kadumugen sedyanipun; piyambakipun mesthi boten badhé wonten ingkang mitulungi, sarta piyambakipun mesthi badhé lastantun dumunung ing ina tuwin asor (Rz). Dados ayat punika ngemot piweca, sapisan *Kanjeng Nabi mesthi badhé sinung sadaya kasaénan ingkang sakalangkung kathah*, kaping kalihipun, *mengsah-mengsahipun Kanjeng Nabi mesthi badhé pinedhot saking sawarnining kasaénan*, boten kadumugèn sedyanipun anggèning milawani Kanjeng Nabi, makaten ugi anak-anakipun boten badhé dados susulihipun ing dalem kakafiranipun tuwin ing dalem anggèning mengsahi Kanjeng Nabi.

اٰيَاتُهَا ٦ — سُوْرَةُ الْكٰفِرُوْنَ مَكِّيَّةٌ (١٠٩) — رُكُوْعُهَا ١

SURAT 109

AL-KÂFIRÛN

(*Para kafir*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*6 ayat*)

Katerangan gerban

Para kafir (ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika) wonten ing surat punika dipun pangandikani bilih pandamelipun ingkang awon punika mesthi badhé angsal wawales, déné Kanjeng Nabi badhé ngundhuh ganjaraning pandamelipun. Surat punika kagolong jaman Makkah wiwitan.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
1 Calathua: O, para kafir!	قُلْ يٰٓاَيُّهَا الْكٰفِرُوْنَ ۙ ١
2 Aku ora manembah marang kang-kosembah,	لَآ اَعْبُدُ مَا تَعْبُدُوْنَ ۙ ٢
3 Lan ora (pisan) kowé iku kang-manembah marang Kang-daksembah;	وَلَآ اَنْتُمْ عٰبِدُوْنَ مَآ اَعْبُدُ ۚ ٣
4 Lan ora (pisan) aku iki kang manembah marang kang-kosembah.	وَلَآ اَنَا۠ عَابِدٌ مَّا عَبَدْتُّمْ ۙ ٤
5 Lan ora (pisan) kowé iku kang-manembah marang Kang-daksembah;	وَلَآ اَنْتُمْ عٰبِدُوْنَ مَآ اَعْبُدُ ۗ ٥
6 Kowé bakal olèh wawalesmu, lan aku bakal olèh wawalesku.[2810]	لَكُمْ دِيْنُكُمْ وَلِيَ دِيْنِ ࣖ ٦

2810. Tembung *dîn* tegesipun *wawales* utawi *ganjaran*. Dhawuh punika piweca, inggih punika amecakaken bilih para ingkang ngabdi ing Allah mesthi badhé angsal ganjaran ingkang saé saking Pangéran, déné para ingkang ngabdi ing brahala boten badhé angsal pitulung punapa-punapa saking sesembahanipun ingkang palsu wau. Surat candhakipun nyebutaken ganjaranipun para setya tuhu, inggih punika pitulungipun Pangéran tuwin kamenangan, punapa déné titiyang ingkang sami lumebet

agami Islam kalayan byuk-byukan;. Déné surat candhakipun malih mratélakaken bilih angsal-angsalanipun para menembah brahala, badhé atanpa gina bandhanipun lan sadaya pambudidayanipun. Panginten bilih dhawuh punika nedahaken manawi Kanjeng Nabi sampun mupus, ketelasan pangajeng-ajeng saged ngislamaken para titiyang kafir, sarta lajeng ngèndelaken kémawon para kafir wau ngantebi agaminipun. Punika panginten ingkang lepat. Sakedhép nétra kémawon boten panjenenganipun naté kèndel anggènipun ajak-ajak dhateng para titiyang kafir supados ngrasuk Islam lan supados mantuni anggènipun nembah brahala.

رُكُوعُهَا ١ — سُورَةُ النَّصْرِ مَكِّيَّةٌ (١١٠) — آيَاتُهَا ٣

SURAT 110

AN-NASHR

(*Pitulung*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*3 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika mangandikakaken *Pitulungipun* Pangéran ingkang agung sarta kamenangan (ingkang lajeng kanggé namakaken surat punika) ingkang dipun paringaken dhateng Kanjeng Nabi Suci minangka angsal-angsalaning anggènipun makarya ing margining yakti. Miturut I'Ab dhawuh punika mratandhani bilih Kanjeng Nabi Suci sampun nyelaki kaliyan surutipun (Bkh). Dipun riwayataken, Ibnu 'Umar ngandika bilih surat punika anggènipun katurunaken nalika Kanjeng Nabi tindak haji ingkang wekasan, sarta let wolungdasa dinten sasampunipun katurunan surat punika Kanjeng Nabi séda (AH). Dados sanajan dhawuh punika kagolong wahyu Madaniyah, menggah ing sajatos wonten ing Makkah tumurunipun. Sami-sami dhawuh ingkang tumurunipun jangkep sasurat, surat punika kénging winastan wahyuning Pangéran ingkang tumurun dhateng Kanjeng Nabi wekasan piyambak. Anggènipun tumurun wonten ing Makkah, punika anedahaken bilih piweca-piweca ingkang anggumunaken, ingkang kawecakaken ing kalanipun Kanjeng Nabi taksih piyambakipun lan taksih ringkih, punika ing sapunika sampun dipun tuhoni saèstu wahananipun wonten ing Makkah, inggih punika déning rawuhipun Kanjeng Nabi dhateng kitha suci wau mawi kadhèrèkaken ing pandhèrèkipun langkung saking tiyang satus èwu.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
1 Nalika pitulunging Allah lan kamenangan wis teka,[2811]	إِذَا جَآءَ نَصْرُ اللّٰهِ وَالْفَتْحُ ۝١
2 Lan sira andeleng wong malebu agamaning Allah byuk-byukan.	وَرَاَيْتَ النَّاسَ يَدْخُلُوْنَ فِيْ دِيْنِ اللّٰهِ اَفْوَاجًا ۝٢

2811. Kamenenangan ageng ingkang sampun dhateng, sarta ingkang lajeng tinungka ing Islamipun bangsa Arab kalayan byuk-byukan, punika bedhahipun nagari Makkah nalika taun 8 Hijrah, salajengipun ing taun candhakipun para wakilipun pancer-pancer Arab sami tumaruntun dhateng manjing Islam. Rèhning piweca-piweca ageng lan anggumunaken bab Islamipun tanah Arab lan telukipun tanah Arab punika sampun ketuhonan wahananipun kalayan cetha awéla-wéla makaten wau, mila Kanjeng Nabi lajeng kaparingan sumerep, bilih ing sapunika sampun dumugi ing wanci panjenenganipun sedhiya-sedhiya badhé sowan ing pangayunanipun Pangéran.

3 Banjur mahasucèkna kalawan pujining Pangéranira, sarta nyuwuna *pangapura*-Né;[2812] sayekti Panjenengané iku tansah abola-bali (wilasa-Né).

فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَاسْتَغْفِرْهُ ۚ إِنَّهُ كَانَ تَوَّابًا ۝٣

2812. Ing ngriki Kanjeng Nabi dipun paringi dhawuh, bilih samangsa kamenangan ageng punika sampun kagayuh, ingkang lajeng mahanani kasunyatanipun lslam sumorot ambalerengi lir péndah surya ing wanci tengangé, ngantos para titiyang kathah lajeng sami ngrasuk agami Islam, boten kalayan thar-thir satunggal kalih nanging kalayan byuk-byukan, kados déné ingkang kelampahan ing nalika jaman bedhahipun nagari Makkah punika, panjenenganipun dipun dhawuhi mahaluhuraken Pangéran, déné panjenenganipun sampun marengaken éwah-éwahan ingkang anggumunaken wau kelampahan saèstu, sarta piweca-piweca dipun tuhoni saèstu wahananipun. Kajawi punika panjenenganipun ugi kadhawuhan supados nyuwunaken pangapuntenipun Pangéran tumrap para titiyang ingkang sami ngrasuk Islam ing wekdal wau. Awit yektinipun para titiyang wau boten namung dosa déné sampun atindak sawenang-wenang dhateng Kanjeng Nabi Suci kémawon, nanging ugi atindak duraka sanès-sanèsipun kathah sanget, ingkang pantes angsal siksaning Pangéran ingkang sanget. Rèhning Kanjeng Nabi piyambak sampun ngapunten para titiyang wau tumrap sadaya tindak aniayanipun ingkang katandukaken dhateng panjenenganipun tuwin dhateng para sahabatipun, tur anggènipun ngapunten wau kalayan ikhlas lan lila-legawa, ingkang sapisan kémawon dèrèng naté wonten saminipun wonten ing babad, mila Pangéran dhawuh supados panjenenganipun nyuwunaken pisan pangapuntenipun Pangéran tumrap para mengsahipun ingkang wengis wau. Pranyata ing dalem babad dèrèng naté wonten saminipun, tindak ingkang tuwuh saking budi luhur kados lekasipun Kanjeng Nabi punika. Cobi, punapa wonten, tiyang ingkang menang ngapunten walaka sadaya tindak aniayaning titiyang ingkang kalangkung déning sanget anggènipun nganiaya dhateng piyambakipun, kathik duk ing kalanipun angsal kamenangan anggènipun ngapunten wau: mangka para ingkang ambeg siya wau sadaya sampun sami pasrah bongkokan dhateng piyambakipun! Nadyan silih sénapatining prang ingkang sakalangkung ageng ambegipun welasan, masa sageda ngapunten tanpa mawi midana mengsahipun ingkang salamining gesang tansah ambudidaya badhé anyirnakaken ngantos tapis dhateng piyambakipun lan pandhèrèkipun, ing wekdal kados déné nalika Kanjeng Nabi mintonaken panggalihanipun ingkang ambeg welas wau, inggih punika nalika ngapunten mengsah-mengsahipun, dalasan ingkang sakalangkung sanget wau. Préntah: “ngapuraa satrumu,” punika gampil kémawon kaucapaken; nanging cobi kula aturi ngupadosi wonten ing babad, manawi wonten tunggilipun satunggal kémawon, ngapunten ing satru bubuyutan, tur ing wekdal ingkang kados makaten wau. Pangapunten ingkang kalubèraken déning Kanjeng Nabi, punika boten namung tumrap dosanipun dhateng Kanjeng Nabi lan para sahabatipun kémawon, nanging lantaran panyuwunipun Kanjeng Nabi dhateng Pangéran, ugi pangapuntening kadurakan tuwin dosanipun para titiyang wau dhateng Pangéran, ingkang boten kénging boten mesthi angsal siksa saupami botena angsal syafa’atipun Kanjeng Nabi. Ing dhawuh ngriki Kanjeng Nabi kadhawuhan ngecakaken syafa’atipun tumrap para titiyang wau. Kalayan tentrem rahayu Kanjeng Nabi anggènipun mekasi sugengipun wonten ing ngalam donya punika, awit nalika surutipun wau boten namung kanthi pamareming panggalih déné sampun saged anggayuh maksuding sugengipun ingkang adiluhung sarta sampun saged ngangkat ing ngaluhur para mitra tuwin para pandhèrèkipun nglenggahi papan ingkang inggil piyambak ingkang saged ginayuh ing janma manusa, nanging langkung gung malih pamareming panggalihipun déné panjenenganipun boten nandukaken pamales dhateng para titiyang ingkang nganiaya dhateng panjenenganipun, wangsul ngapunten tur sakecap kémawon tanpa mawi melèhaken dhateng para titiyang wau, kawimbuhan malih malah kepareng nyafangati para titiyang wau. Punika lo tuladhanipun syafa’at ingkang boten kanggé nyafangati mitra nanging kanggé nyafangati mengsah! Punapa babad naté nyebutaken tuladha sanès ingkang nyamèni punika?

سُورَةُ اللَّهَبِ مَكِّيَّةٌ (١١١) آيَاتُهَا ٥ رُكُوعُهَا ١

SURAT 111

AL-LAHAB

(*Urub*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*5 ayat*)

Katerangan gerban

Surat ingkang sampun mangandikakaken surutipun tiyang tulus ingkang kalayan tentrem rahayu, margi sampun kadumugèn maksuding sugengipun. Surat punika nerangaken bilih para mengsahing yakti ingkang awatek panas baranan, punika sami manggung gesang kalayan ngandhut memengsahan lan sasatron, ingkang bénjing wonten ing akhirat badhé maujud wewèntèhan dados *urubing* latu. Awit saking punika surat punika kanamakaken *Urub*. Miturut sadaya para ahli, surat punika èwoning dhawuh ingkang tumurun ing jaman wiwitan.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ ۝
1 Rusak tangané bapaking urub karo pisan, sarta dhèwèké dhéwé (iya) bakal rusak.[2813]	تَبَّتْ يَدَآ اَبِيْ لَهَبٍ وَّتَبَّ ۝١
2 Bandhané lan pangasilané ora bakal makolèhi marang dhèwèké.	مَآ اَغْنٰى عَنْهُ مَالُهٗ وَمَا كَسَبَ ۝٢

2813. Tiyang ingkang awatek panas-baranan, kénging sinebut *abu-lahab*, *bapaking urub*, kados déné *syarîr* utawi *tiyang ingkang remen damel piawon* punika inggih kénging kasebut *abu-sy-syarr,* jawinipun *bapaking piala*, lan kados déné *tiyang saé* punika kénging sinebut *abu-l-khair*, jawinipun *bapaking kabecikan* (Rz, AH). Ingkang misuwur nama Abu Lahab punika Abdu-l-'Uzza, pamanipun Kanjeng Nabi, inggih punika putranipun ingkang éyang Kanjeng Nabi, Abdul Muththalib. Ambok-manawi anggènipun karan makaten wau margi saking sangeting anggènipun mengsahi ing Kanjeng Nabi. Dipun riwayataken nalika Kanjeng Nabi tampi dhawuh supados memèngeti krabat-krabatipun ingkang celak, Kanjeng Nabi lajeng ngempalaken krabat-krabatipun wau sarta lajeng andhatengaken dhawuhing Pangéran. Ing ngriku Abdul 'Uzza lajeng wicanten: "Muga kowé nandhang cilaka! mung perlu mangkéné iki anggonmu ngumpulaké aku kabèh iki?" (Bkh). Kacariyosaken ugi bilih Abdul 'Uzza wau ngetutaken Kanjeng Nabi manawi panjenenganipun badhé mumulang sarwi wicanten dhateng titiyang kathah bilih Kanjeng Nabi punika krabatipun ingkang sakit éwah. Dipun riwayataken Abdul 'Uzza punika pejahipun let pitung dinten kaliyan sasampunipun mireng pawartos bab asoring juritipun titiyang Makkah ing paprangan Badr.

Tangan loro punika miturut sawenèh mufassir ateges *al-jumlah*, inggih punika Abu Lahab *piyambak*, kados déné dhawuh Quran ing panggènan sanès: "Kang mangkono iku marga saka panggawéné *tanganira loro* biyèn" (22 : 10), tegesipun: panggawénira biyèn. Nanging mufassir sanès wonten ingkang nerangaken bilih *tangan loro* punika tegesipun *agaminipun* tuwin *pangajeng-ajengipun bangsa kadonyan* (Rz).

Ut. *lumebu ing*	3 Dhèwèké énggal bakal *kobong dadi* geni kang murub,[2814]	سَيَصْلَىٰ نَارًا ذَاتَ لَهَبٍ ۝٣
Ut. *urub-urub*	4 Sarta rabiné, tukang anggèndhong *pangala-ala*,[2815]	وَٱمْرَأَتُهُۥ حَمَّالَةَ ٱلْحَطَبِ ۝٤
	5 Ing guluné ana kalungé arupa dhadung nam-naman kang kukuh.[2816]	فِى جِيدِهَا حَبْلٌ مِّن مَّسَدٍۭ ۝٥

2814. Latu ingkang *murub* punika mathuk sanget manawi katerangaken dados siksanipun *bapaking urub*, inggih punika siksa ingkang cocog kaliyan dosanipun kados déné ingkang kapratélakaken ing 78: 26.

2815. Sémahipun Abu lahab punika namanipun Ummi Jamilah, sadhèrèkipun èstri Abu Sufyan. Piyambakipun punika wonten ing ngriki kasebut *hammâlata-l-hathab*, ingkang tegesipun wantah *tukang anggèndhong urub-urub*; teges wantah punika limrah dipun anggé. Déné kateranganipun, piyambakipun punika ageng dosanipun, awit kathah piawon ingkang sampun katindakaken nalika milawani Kanjeng Nabi; tindakipun ingkang awon wau dados urub-urub, ingkang wasananipun ngurubaken latu lan inggih punika ingkang dipun sedya. Makaten punika pahamipun Abu Muslim tuwin Sa'id bin Jubair (Rz). Nanging Bkh nyarujuki kateranganipun Mjd, ingkang anerangaken bilih *hammâlata-l-hathab*, utawi *tukang anggèndhong urub-urub*, punika تمشي بالنميمة jawinipun piyambakipun *tukang nyebar-nyebaraken pawartos awon lumawan Kanjeng Nabi*. Sarta *hathab* punika tegesipun *panyanyamah* utawi *pangawon-awon* (Mgh, TA-LL) malah wonten ugi paribasan ingkang ngepleki ukara ingkang kagem wonten ing ngriki punika, inggih punika tetembungan: يحمل الحطب بين الناس jawinipun *dhèwèké kiter ana ing antarané wong akèh kalawan anggawa pangala-ala* (A-LL). Sarta *hâthibu-l-lail* jawinipun *tiyang ingkang nyariyosaken barang awon lan barang saé* (TA-LL). Qatadah inggih kados makaten punika anggènipun nafsiri, sarta panjenenganipun ugi anerangaken bilih Bok Abu Lahab wau damelanipun tukang nyebar-nyebaraken pawartos awon bab Kanjeng Nabi (Rz).

2816. Tangsul saking dhadhung nam-naman punika ugi mahyakaken siksa ingkang laras kaliyan dosanipun, awit dipun riwayataken bilih piyambakipun punika asring nglempakaken eri ingkang lajeng dipun bongkok mawi dhadhung, dipun sunggi, lajeng dipun sebar wonten ing margi ingkang badhé dipun langkungi déning Kanjeng Nabi.

سُورَةُ الإِخْلَاصِ مَكِّيَّةٌ (١١٢) آيَاتُهَا ٤ رُكُوعُهَا ١

SURAT 112

AL-IKHLÂSH

(*Mahatunggal*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*4 ayat*)

Katerangan gerban

Menggah ing sajatos-jatosipun surat punika surat ingkang mangka panutupipun Quran Suci – déné surat kakalih sambetipun, punika namung anerangaken kados pundi nyuwun pangayomanipun Pangéran punika – sarta surat punika amahyakaken ringkesan lan pathining piwulangipun Quran Suci, inggih punika ngundhangaken ing *Mahatunggalipun* Pangéran, sarta inggih awit saking kawontenan punika déné surat punika kanamakaken *Mahatunggal*. Prakawis sanès-sanèsipun dhawah angka kalih manawi katandhing kaliyan bab punika. Surat punika panunggilanipun dhawuh ingkang tumurun ing jaman wiwitan, isi pambantah dhateng agami panembah-brahala lan agami Nasrani, makaten ugi dhateng sawarnining pangandel kamusyrikan (mangéran kathah).

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ
1 Calathua: Panjenengané, Allah iku Sawiji.	قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ ﴿١﴾
2 Allah iku Kang samubarang iki gumantung marang Panjenengané.	اللَّهُ الصَّمَدُ ﴿٢﴾
3 Ora puputra lan ora pinutrakaké.	لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ ﴿٣﴾
4 Lan ora ana siji-sijia kang madhani Panjenengané.[2817]	وَلَمْ يَكُن لَّهُ كُفُوًا أَحَدٌ ﴿٤﴾

2817. Pantes pinèngetan, surat Makkiyah jaman wiwitan punika, kalayan ukaranipun sakawan ingkang cekak, anedahaken lepatipun ingkang enggel-enggel agami warni-warni, kalebet ugi agami Nasrani. Ingkang wiwitan dhawuh punika ngundhangaken Kasawijènipun Pangéran ingkang murni, dados angrebahaken sawarnining agami mangéran kathah, kalebet ugi pangandel tiga-tiganing ngatunggal; awit *Tauhid* utawi Kasawijènipun Pangéran ingkang dipun karsakaken wonten ing surat punika, Kasawijènipun Pangéran ingkang murni, lan boten angakeni ing wontenipun sawarnining sesembahan kathah.

Ingkang kaping kalih, kadhawuhaken bilih Allah punika *Ash-Shamâd*. Tembung punika warni-warni sanget para mufassirin anggènipun negesi, nanging ingkang prayogi piyambak ingkang dipun anggé negesi wonten ing ngriki punika, awit dipun riwayataken Kanjeng Nabi ngandikakaken, nalika

dipun suwuni pirsa *Ash-Shamâd* punika punapa, makaten هو السيد الذي يصمد اليه في الحوائج jawinipun: *Panjenenganė iku Gusti Ingkang dadi paran endoning panyuwun tumrap sawarnining kabutuhan* (AH, Rz). Dhawuh pratélan bilih boten wonten barang satunggal kémawon ingkang boten gumantung dhateng panjenenganipun, punika mengku karsa kanggé angleresaken lepatipun titiyang ingkang gadhah panganggep, bilih wonten sawenèh barang, kadosta *prakriti* (guru bakal) lan jiwaning manusa, punika wontenipun boten atas saking Pangéran Ingkang-Anitahaken. Piwulang makaten punika mratah wonten ing India (Hindustan), mesthi botenipun yèn ta kauningan ing Kanjeng Nabi Suci, jalaran piwulang wau boten kocap wonten ing agami-agami ingkang caket wonten ing ngarsanipun Kanjeng Nabi.

Ayat ingkang angka tiga, anedahaken lepatipun agami-agami ingkang nyifati Pangéran kadi déné rama utawi putra, kadosta agami Nasrani, ingkang mulangaken piyandel warni kalih punika sadaya, utawi agaminipun panembah brahala titiyang Makkah, ingkang manut piwulangipun para malaikat punika sami putra-putrinipun Allah.

Ayat ingkang angka sakawan nulak piwulang bangsanipun piwulang panitisan (Pangéran manjalma), ingkang manawi manut piwulang wau manusa limrah dipun samèkaken kaliyan Pangéran.

Malih, *syirk*, utawi anjèjèri sekuthon dhateng Pangéran, punika wonten warni sakawan. Sapisan, ngandel ing sesembahan kathah; kaping kalih, ngandel bilih barang-barang sanèsipun Allah wonten ingkang anggadhahi sifat sampurna kados sifatipun Allah; kaping tiga, ngandel bilih wonten barang ingkang magepokan sanak kaliyan Panjenenganipun; kaping sakawan, ngandel bilih wonten sanèsipun malih kajawi Pangéran ingkang saged nindakaken barang rèh, ingkang pancènipun namung Allah piyambak ingkang kawasa nindakaken. *Syirk* warni sakawan punika sadaya dipun tulak keras déning ayat-ayatipun sakawan iji surat punika.

سُوْرَةُ الْفَلَقِ مَكِّيَّةٌ (١١٣) — اٰيَاتُهَا ٥ — رُكُوْعُهَا ١

SURAT 113

AL-FALAQ

(*Bangun-énjing*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*5 ayat*)

Katerangan gerban

Surat punika lan surat satunggalipun candhakipun, punika wigatos mulang ing manusa, nyuwun reksa dhateng Allah punika kados pundi lan nyuwun pangayoman dhateng Allah punika kados pundi. Rèhning bab prakawis punika sampun kasebutaken wonten ing dhawuh-dhawuh ingkang katurunaken ing Makkah, kadosta ing surat 16 lan 41, dados manawi makaten surat kakalih punika mesthi inggih tumurun ing Makkah, sarta kathah èmperipun kagolong jaman Makkah wiwitan. Dodongèngan warni-warni ingkang kacariyosaken déning sawenèh mufassirin, ingkang ngandharaken asal-usulipun surat kakalih wau, punika boten pinanggih wonten ing hadits-hadits ingkang kénging dipun gondhèli, dados awit saking punika dodongèngan wau kedah katulak. Dados, Quran punika kawiwitan kalayan nyuwun pitulung dhateng Pangéran wonten ing lafadz *Bismillâh*, sarta pinungkasan kalayan nyuwun reksa ing Pangéran wonten ing *Mu'awwadhatain* (saking *'audhah*, jawinipun *pangayoman*) inggih punika sesebutanipun surat kakalih punika.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang-Mahamurah, Ingkang-Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
1 Munjuka: Kawula nyuwun ngayom ing Pangéraning bangun énjing,[2818]	قُلْ اَعُوْذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ ۙ﴿١﴾
2 Saking awonipun samukawis ingkang Katitahaken,	مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ ۙ﴿٢﴾
3 Saha saking awonipun dalu ingkang peteng dhedhet lilimengan nalikanipun dhateng.[2819]	وَمِنْ شَرِّ غَاسِقٍ اِذَا وَقَبَ ۙ﴿٣﴾

2818. *Falaq* punika tegesipun *plethèking raina* (LL), wantahipun ateges *mlethèk* utawi *bengkah*; déné mila plethèking raina winastan makaten, awit raina punika nembus pepeteng milanipun tembung punika lajeng ateges *cetha pratélanipun yakti ing sasampunipun katingal surem* (TA-LL). Tembung *Pangéraning bangun énjing* punika sampun boten wonten semang-semangipun malih mengku sasmita amahyakaken bilih yakti badhé babar gumelar nadyan kalayan sarenti sarta marginipun Kanjeng Nabi mesthi badhé menang.

2819. *Gâsiq* punika asal saking tembung *gasaq*, ingkang tegesipun *peteng ndedhet* (Rgh) milanipun *gâsiq* punika lajeng ateges *wanci dalu samangsa shafaq* (utawi *layung ing sasampunipun serap surya*) *sampun ical* (S, O, Q-LL), dados terangipun ateges pepeteng ingkang boten wonten

4 Punapa déné saking awonipun tiyang ingkang niyupaken bobolèh awon dhateng bubundhelan.[2820]

وَمِنْ شَرِّ النَّفّٰثٰتِ فِى الْعُقَدِ ۝٤

5 Saha saking awonipun tiyang drengki nalikanipun andrengkèni.[2821]

وَمِنْ شَرِّ حَاسِدٍ اِذَا حَسَدَ ۝٥

---

papadhangipun babar pisan sanajan saclèrètan, sarta ateges pepetenging rekaos ingkang sok dados kanthining satunggaling prakawis, inggih punika pepeteng ingkang murugaken tiyang boten sumerep ing margi. Awit saking punika dados mengku suraos bilih rawuhipun yakti, ingkang sapunika sampun gumelar ngégla, punika boten badhé sinartan ing pepetenging rekaos ingkang saged adamel suremipun.

2820. Ing ngriki wonten tembungipun kalih ingkang perlu katerangaken, ingggih punika tembung *naffâtsât* lan tembung ‘*uqad* tembung *naffâtsât* punika *jama’*-ipun tembung *naffâts*, inggih punika rimbag isim *fâ’il* (kriya wacaka) ingkang dipun sangetaken saking tembung kriya *nafatsa* ingkang tegesipun sakawit *niyup* utawi *nyebul*. Nanging manawi dipun sambeti ing tembung *fî* lajeng mengku teges sanès. Kadosta tetembungan نفث الله الشئ فى قلبه punika tegesipun *Allah wus andhawahaké* utawi *andokok sawijining barang ana ing atiné* (Msb-LL); tuwin نفث فى روعى jawinipun *misik marang atiku* (JB, As). ‘*Uqad* punika *jama’*-ipun ‘*uqadah*, tegesipun *bundhelan* (LL). Tuwin *pancasaning satunggaling prakawis* (TA-LL) lan *nguwaosi*, *mranata* lan *ngruntutaken prakawis* (LL). Sarta ugi ateges *janji pambangun turut* utawi *sumpah setya* (LA, TA-LL). Milanipun النفثت فى العقد punika menggah ing sajatos-jatosipun ateges para ingkang masang bobolèhan awon dhateng kakencenganipun manahing tiyang utawi dhateng pangrèhipun tiyang ing prakawisipun. Dipun pèngetana *nafatsât* punika boten mesthi kedah *tiyang èstri*; tembung punika ugi kanggé tumrap *al-jama’at*, utawi *gogolonganipun titiyang kathah* (Rz). Katrangan ingkang kula anggé punika sami kaliyan kateranganipun Abu Muslim, namung wonten bédanipun sakedhik. Rz anggènipun mastani kateranganipun Abu Muslim wau katerangan ingkang saé.

Ayat punika mangandikakaken rekaos ingkang angka kalih nalika mencaraken yakti utawi nalika mangrèh prakawis ingkang limrah-limrah punika. Rekaos ingkang sapisan inggih punika: kalimputan ing pepeteng ingkang ndhedhet lilimengan: rekaos ingkang angka kalih inggih punika: pepeteng sumisih, nanging kekencengan badhé tetep ngantebi yakti punika taksih kémawon kawon kaliyan bobolèhanipun awon para ingkang sami remen nasaraken ing ngasanès.

2821. Punika rekaos ingkang angka tiga. Sapunika yakti sarnpun menang, nanging tiyang ingkang bentèr manahipun margi kamenanganipun yakti wau lan tiyang ingkang boten lila yakti lastantun menang kaliyan panggorohan, punika taksih wonten. Milanipun, pangayomaning Pangéran taksih kedah kasuwun, samangsa yakti sampun angsal kamenangan.

رُكُوْعُهَا ١ سُوْرَةُ النَّاسِ مَكِّيَّةٌ (١١٤) اٰيَاتُهَا ٦

SURAT 114

AN-NÂS

(*Manusa*)

KADHAWUHAKEN ING MAKKAH

(*6 ayat*)

Katerangan gerban

Purwaka ingkang mangka katranganing surat ingkang sampun ugi kénging kawaos wonten ing ngriki.

	Kalawan asmaning Allah Ingkang-Mahamurah, Ingkang Mahaasih.	بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ
	1 Munjuka: Kawula nyuwun ngayom dhateng Pangéraning manusa,	قُلْ اَعُوْذُ بِرَبِّ النَّاسِ ۝١
	2 Ratuning manusa,	مَلِكِ النَّاسِ ۝٢
	3 Sesembahaning manusa,	اِلٰهِ النَّاسِ ۝٣
	4 Saking awoning bibisikipun (sétan) ingkang silib,	مِنْ شَرِّ الْوَسْوَاسِ ۙ الْخَنَّاسِ ۝٤
Ar. *dhadha*	5 Ingkang abisik-bisik ing *manah*-ing manusa,	الَّذِيْ يُوَسْوِسُ فِيْ صُدُوْرِ النَّاسِ ۝٥
	6 Saking golonganipun jin lan manusa.[2822]	مِنَ الْجِنَّةِ وَ النَّاسِ ۝٦

2822. Ayat-ayat punika kénging winastan jangkepipun surat ingkang sampun. Ing surat ingkang sampun-sampun katerangaken piawon warni tiga ingkang saged ugi katindakaken kanggé milawani margining yakti. Lah ing ngriki ingkang katerangaken piawon ingkang angka sakawan, piawon ingkang ageng piyambak, inggih punika piawonipun *sétan ingkang silib*, ingkang dhatengipun kalayan dhedhemitan lan nglebetaken bobolèhan awon dhateng manahipun manusa. Bibisik awon (panggodha) saking sétan punika piawon ingkang ageng piyambak, awit tukipun wonten ing *manahipun manusa* (ayat 5). Tembung *khannâs* punika ririmbagan saking *khanasa*, jawinipun *boten ngatingal*, lan ugi ateges *umpetan* (TA-LL), *al-khannâs* tegesipun *sétan*, awit sétan makaten sumingid utawi sumamar (Msb-LL).

Gusti Allah ing ngriki kasebut Pangéraning manusa, Ratuning manusa tuwin Sesembahanipun manusa. “Pangéran” punika mengku raos “nguwaosi,” kados déné bandara nguwaosi abdinipun. “Ratu” mengku raos langkung inggil malih, kados déné ratu dhateng rakyatipun. Déné “sesembahan,” punika mengku raos nguwaosi ingkang kalayan sampurna saha ngudanéni dhateng sagung titah. Utawi, *Rabb* punika Ingkang ngitik-itik lan Ingkang anggulawéntah ing manusa, *Malik* Ingkang nguwaosi manusa, lan *Ilâhi* punika sesembahan, inggih punika ingkang kedah kadadosaken enering maksud gesangipun tiyang.